# القرآن الكريم

## المنتخب من التفاسير
## مترجما باللغة الاوارية

## الطبعة الخامسة

# Хирияб Къуръаналъе тафсираздаса тIасса бищун гьабураб таржама

щуабилеб басма
(къокъ гьабараб, гъалатIал ритIизабураб)

**Таржама гьабуна**
**Сасикьа ГIабдурахIимица**

**Аль-ашбал**
**2015 // 1436 сон**

# Тафсиралъул фигъриса (оглавление)



| № ирга | Сураталъул цIар | سورة | № гьумер |
|---|---|---|---|
| | | | |
| Тафсиралъул фигъриса (оглавление) | | | 2 |
| Дагъистаналъул муфти шейх АхIмадхIажи ГIабдуллаевасул насихIат | | | 7 |
| Аш-шейх СвалихI бин ГIабдулгIазизил щеберагIи | | | 8 |
| ЦеберагIи | | | 9 |
| Хирияб Къураналъул магIнаялъе таржама гьабиялда цебе лъолеб баян | | | I0 |
| Аятул муташабигьатазул, гьезул таъвилалъул ва тафсиралъул къокъабго баян | | | I4 |
| | | | |
| 1 | Сурат Аль-Фатиха | سورة الفاتحة | 16 |
| 2 | Сурат Аль-бакъарат | سورة البقرة | 18 |
| 3 | Сурат Аль-гIимран | سورة آل عمران | 72 |
| 4 | Сурат Ан-нисаъ | سورة النساء | 102 |
| 5 | Сурат Аль-маидат | سورة المائدة | 136 |
| 6 | Сурат Аль-ангIам | سورة الأنعام | 159 |
| 7 | Сурат Аль-агIраф | سورة الأعراف | 184 |
| 8 | Сурат Аль-анфал | سورة الأنفال | 213 |
| 9 | Сурат Ат-тавбатIаят | سورة التوبة آية | 224 |
| 10 | Сурат Юнус | سورة يونس | 247 |
| 11 | Сурат Гьуд | سورة هود | 261 |
| 12 | Сурат Юсуф | سورة يوسف | 277 |
| 13 | Сутат Ар-рагIд | سورة الرعد | 292 |
| 14 | Сурат Ибрагьим | سورة إبراهيم | 298 |
| 15 | Сурат Аль-хIижри | سورة الحجر | 209 |
| 16 | Сурат Ан-нахIли | سورة النحل | 312 |
| 17 | Сурат Аль-исраъ | سورة الإسراء | 327 |
| 18 | Сурат Аль-кагьфи | سورة الكهف | 340 |
| 19 | Сурат Маръям | سورة مريم | 352 |
| 20 | Сурат ТIагьа | سورة طه | 360 |
| 21 | Сурат Аль-анбияъ | سورة الأنبياء | 371 |
| 22 | Сурат Аль-хIажи | سورة الحج | 382 |
| 23 | Сурат Аль-муъминин | سورة المؤمنون | 392 |
| 24 | Сурат Ан-нур | سورة النور | 401 |
| 25 | Сурат Аль-фуркъан | سورة الفرقان | 411 |
| 26 | Сурат Аш-шугIараи | سورة الشعراء | 419 |
| 27 | Сурат Ан-намли | سورة النمل | 430 |
| 28 | Сурат Аль-къасаси | سورة القصص | 439 |
| 29 | Сурат Аль-гIанкабут | سورة العنكبوت | 451 |
| 30 | Сурату Ар-руми | سورة الروم | 459 |
| 31 | Сурат Лукъман | سورة لقمان | 467 |
| 32 | Сурат Ас-саждати | سورة السجدة | 471 |
| 33 | Сурат Аль-ахIзаби | سورة الأحزاب | 475 |
| 34 | Сурат Сабаи | سورة سبأ | 486 |
| 35 | Сурат ФатIир | سورة فاطر | 486 |
| 36 | Сурат Ясин | سورة يس | 500 |
| 37 | Сурат Ас-сафати | سورة الصافات | 507 |
| 38 | Сурат Ас-свад | سورة ص | 515 |
| 39 | Сурат Аз-зумари | سورة الزمر | 521 |
| 40 | Сурат Аль- Гъафири | سورة المؤمن | 531 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 41 | Сурат Аль-фусилат | سورة فصلت | 542 |
| 42 | Сурат Ащ-щура | سورة الشورى | 549 |
| 43 | Сурат Аз-зухруфи | سورة الزخرف | 556 |
| 44 | Сурат Ад-духани | سورة الدخان | 564 |
| 45 | Сурат Аль-жасияти | سورة الجاثية | 567 |
| 46 | Сурат Аль-ахIкъафи | سورة الأحقاف | 571 |
| 47 | Сурат МухIаммад | سورة محمد | 576 |
| 48 | Сурат Аль-фатхIи | سورة الفتح | 581 |
| 49 | Сурат Аль-хIужурати | سورة الحجرات | 585 |
| 50 | Сурат Къваф | سورة ق | 589 |
| 51 | Сурат Аз-зарияти | سورة الذاريات | 591 |
| 52 | Сурат АтI-тIури | سورة الطور | 595 |
| 53 | Сурат Ан-нажми | سورة النجم | 598 |
| 54 | Сурат Аль-къамари | سورة القمر | 601 |
| 55 | Сурат Ар-рахIмани | سورة الرحمن | 604 |
| 56 | Сурат Аль-вакъигIати | سورة الواقعة | 607 |
| 57 | Сурат Аль-хIадиди | سورة الحديد | 611 |
| 58 | Сурат Аль-мужадалати | سورة المجادلة | 616 |
| 59 | Сурат Аль-хIашри | سورة الحشر | 620 |
| 60 | Сурат Аль-мумтахIинати | سورة الممتحنة | 624 |
| 61 | Сурат Ас-сафи | سورة الصف | 626 |
| 62 | Сурат Аль-жумгIати | سورة الجمعة | 629 |
| 63 | Сурат Аль-мунафикъун | سورة المنافقون | 630 |
| 64 | Сурат Ат-тагъабуни | سورة التغابن | 632 |
| 65 | Сурат АтI-тIалакъи | سورة الطلاق | 635 |
| 66 | Сурат Ат-тахIрими | سورة التحريم | 637 |
| 67 | Сурат Аль-мулки | سورة الملك | 640 |
| 68 | Сурат Аль-къалами | سورة القلم | 642 |
| 69 | Сурат Аль-хIакъати | سورة الحاقة | 645 |
| 70 | Сурат Аль-магIариж | سورة المعارج | 647 |
| 71 | Сурат НухI | سورة نوح | 649 |
| 72 | Сурат Аль-жинны | سورة الجن | 651 |
| 73 | Сурат  Аль-музаммил | سورة المزمل | 654 |
| 74 | Сурат Аль-муддасир | سورة المدثر | 655 |
| 75 | Сурат Аль-къиямати | سورة القيامة | 657 |
| 76 | Сурат Аль-инсан | سورة الإنسان | 659 |
| 77 | Сурат Аль-мурсалати | سورة المرسلات | 661 |
| 78 | Сурат Ан-набаи  гIамма….. | سورة النبأ | 663 |
| 79 | Сурат Аль-буружи | سورة النازعات | 664 |
| 80 | Сурат ГIабаса | سورة عبس | 666 |
| 81 | Сурату Ттаквир | سورة التكوير | 667 |
| 82 | Суратул ИнфитIари | سورة الإنفطار | 668 |
| 83 | Сурату МутIафифина | سورة المطففين | 669 |
| 84 | Сурату Иншикъакъ | سورة الإنشقاق | 671 |
| 85 | Суратул Буружи | سورة البروج | 672 |
| 86 | Сурату ТIарикъи | سورة الطارق | 673 |
| 87 | Суратул АгIла | سورة الأعلى | 673 |
| 88 | Суратул Гъашияти | سورة الغاشية | 674 |
| 89 | Суратул Фажри | سورة الفجر | 675 |
| 90 | Суратул Балади | سورة البلد | 677 |
| 91 | Сурату Шшамси | سورة الشمس | 678 |
| 92 | Сурату Ллайли | سورة الليل | 678 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 93 | Сурату ЗзухIа | سورة الضحى | 679 |
| 94 | Сурату ШархIи | سورة الشرح | 679 |
| 95 | Сурату Т-тини | سورة التين | 680 |
| 96 | Суратул ГIалакъи | سورة العلق | 680 |
| 97 | Суратул Къадри | سورة القدر | 681 |
| 98 | Суратул Байинати | سورة البينة | 681 |
| 99 | Суратул Залзалати | سورة الزلزلة | 682 |
| 100 | Суратул ГIадияти | سورة العاديات | 683 |
| 101 | Суратул КъаригIати | سورة القارعة | 683 |
| 102 | Сурату Т-такасури | سورة التكاثر | 684 |
| 103 | Суратул ГIасри | سورة العصر | 684 |
| 104 | Суратул Гьумазати | سورة الهمزة | 685 |
| 105 | Суратул Фили | سورة الفيل | 685 |
| 106 | Сурату Къурайш | سورة قريش | 686 |
| 107 | Суратул МагIуни | سورة الماعون | 686 |
| 108 | Суратул Кавсари | سورة الكوثر | 687 |
| 109 | Суратул Кафирина | سورة الكافرون | 687 |
| 110 | Сурату Ннасри | سورة النصر | 687 |
| 111 | Суратул Масади | سورة المسد | 688 |
| 112 | Суратул Ихсал | سورة الإخلاص | 688 |
| 113 | Суратул Фалакъи | سورة الفلق | 688 |
| 114 | Сурату Ннаси | سورة الناس | 688 |
| | | | |
| I22 | Хадуб ргIи | | 700 |
| I23 | Цо-цо гIараб ргIабазул магIна | | 702 |
| I24 | Къуръан баян гьарулел гIелмаби | | 705 |
| I25 | Къуръан цIалиялъул хиралъи | | 709 |
| I26 | Асмауллагьи ал –хIусна | | 711 |


Дагъистаналъул муфти шейх АхIмадхIажи ГIабдуллаевасул тIадкъаялда рекъон таржамаялъул гIелмияб рахъ хал гьабуна «ГIасаб» мадрасаялъул мугIалимаз.

Таржама компьютералда рекъезе гьабуна ХъахIабросулъа ХIасанов МухIаммадица. (dagistan@mail.ru)



**Дагъистаналъул муфти шейх АхIмадхIажи ГIабдуллаевасул насихIат.**

Хириял диналъул вацал ва яцал! Гьаб таржама Сасикьа ГIабдурахIимица гьабураб ГIасаб бугеб мадрасаялъул мугIалимаз тIарадаса ахаде щвезегIан цIалун щибго хилипаб жо гьечIилан гьез тасдикъ гьабуна. Гьединаб таржама нилъер гьаниб букIинчIо. Гьединлъидал дида ракIалде ккола гьеб цIалани пайда букIинилан. Аллагьас таржама гьабурасеги цIаларасеги мунфагIат бахине гьабеги. Аллагьас нилъеда хIакъаб жо хIакъаблъун бихьинабеги ва гьелда нахъ рилъ лъин ризкъилъун гьабеги. Нижееги нужееги Аллагьасул диналда ритIун чIей ва тавфикъ кьеги. Берцинаб ахирги кьейги.

Амин, я жаваб гьабулев Аллагь!


MUSLIM ADMINISTRATION
OF DAGHESTAN
367015 Makhachkala,
Aziz Aliev street, 2

الادارة الدينية لمسلمي
داغستان
عوان محج قلعة ٣٦٧٠١٥
شارع عازيز علي ٢

ЦЕНТРАЛИЗОВАННАЯ ИСЛАМСКАЯ РЕЛИГИОЗНАЯ ОРГАНИЗАЦИЯ
«МУФТИЯТ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН»
367015, РД, г. Махачкала, ул. Азиза Алиева, д. 2.

ОГРН 1030500000046
ИНН 0562045017
КПП 057201001

Тел./факс: +7 8722 63 64 77;
E-mail: muftiyat.rd@gmail.com

«11» сентября 2015 г. № 149

Одобрено каноническим отделом "Муфтията Республики Дагестана"

Заведующий каноническим отделом Х. И. Маматханов

# Гьаб буго Мадинаялда зарбоялда бахъараб тафсиралъе Аш-шейх СвалихI бин ГIабдулгIазизил ццебергIи

بسم الله الرحمن الرحيم

## مقدمة

بقلم معالي الشيخ: صالح بن عبدالعزيز بن محمد آل الشيخ
وزير الشؤون الإسلامية والأوقاف والدعوة والإرشاد
المشرف العام على المجمع

الحمد لله رب العالمين، القائل في كتابه الكريم:
﴿... قَدْ جَآءَكُم مِّنَ ٱللَّهِ نُورٌ وَكِتَٰبٌ مُّبِينٌ﴾.
والصلاة والسلام على أشرف الأنبياء والمرسلين، نبينا محمد، القائل:
«خيركم من تعلَّم القرآن وعلَّمه».

أما بعد:

فإنفاذاً لتوجيهات خادم الحرمين الشريفين، الملك عبدالله بن عبدالعزيز آل سعود، -حفظه الله-، بالعناية بكتاب الله، والعمل على تيسير نشره، وتوزيعه بين المسلمين، في مشارق الأرض ومغاربها، وتفسيره، وترجمة معانيه إلى مختلف لغات العالم.

وإيماناً من وزارة الشؤون الإسلامية والأوقاف والدعوة والإرشاد بالمملكة العربية السعودية بأهمية ترجمة معاني القرآن الكريم إلى جميع لغات العالم المهمة تسهيلاً لفهمه على المسلمين الناطقين بغير العربية، وتحقيقاً للبلاغ المأمور به في قوله ﷺ: «بلِّغوا عني ولو آية».

وخدمةً لإخواننا الناطقين باللغة الأوارية يطيب لمجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف بالمدينة المنورة أن يقدم للقارئ الكريم ترجمة معاني القرآن الكريم وتفسيره إلى هذه اللغة التي قام بها الشيخ عبدالرحيم بن محمد،

وراجعها من قبل المجمع الشيخ عباس بن أمير حمزة، والشيخ شامل غاتر بيكوف.

ونحمد الله سبحانه وتعالى أن وفق لإنجاز هذا العمل العظيم الذي نرجو أن يكون خالصاً لوجهه الكريم، وأن ينفع به الناس.

إننا لندرك أن ترجمة معاني القرآن الكريم -مهما بلغت دقتها- ستكون قاصرة عن أداء المعاني العظيمة التي يدل عليها النص القرآني المعجز، وأن المعاني التي تؤديها الترجمة إنما هي حصيلة ما بلغه علم المترجم في فهم كتاب الله الكريم، وأنه يعتريها ما يعتري عمل البشر كلِّه من خطأ ونقص.

ومن ثم نرجو من كل قارئ لهذه الترجمة أن يوافي مجمع الملك فهد لطباعة المصحف الشريف بالمدينة النبوية بما قد يجده فيها من خطأ أو نقص أو زيادة للإفادة من الاستدراكات في الطبعات القادمة إن شاء الله.

والله الموفق، وهو الهادي إلى سواء السبيل، اللهم تقبل منا إنك أنت السميع العليم.

## Ццебе рагIи

ХIурматияв щайх Сеалихl, ГIабдулгIазизил вас, МухIамад Али-шайхил васас хъвараб, Исламиял ишазул, вакъфуялъул ва дагIватгун тIуритIиялъул вазирлъун жив вугев, Мадинаялда бугеб Къуръанал кIватIир риччалеб мужамагIалъул бетIерлъунги жив вугев,

Кинабго рец Аллагъасе буго, тIолго гIаламалъул бетIергьанлъун жив вугев, жиндир хирияб Къуръаналда жаниб жинцаги абулев: (хIакълъунго нужехъе Аллагъасул рахъалъан бачIана нур, (канлъи) ва жиб баянаб тIехь).

Аллагъасул цIоб ва рахIмат лъеги аварагзабазул ва мурсалиназул бищунго хирияв нилъер авараг МухIамадида, жинцаги абурав: *«Нужер бищунго лъикIав вуго жинца Къуръан лъазабурав ва жинца гьеб цогидаздаги лъазабурав»*- абун.

Гьалда хадуб:
Хирияб кIиябго хIарамалъе (Макка ва Мадина) жинца хъулухъ гьбулев, Аллагъас жив цIунаяв, СагIудиязул хан ГIабдуллагь, ГIабдулгIазизил вас Ал-сагIудил бихьизаби (нух малъи) тIубазабун: Аллагъасул тIехьалъул кIвар гьабе, гьеб тIибитIиялъе бигьалъи гьабе, машрикъ магърибалда ругел киналго бусурбабазе гьеб бикье, гьелъие тафсир гьабе ва гьелъул магIнабазе батIи батIиял мацIазда таржамаги гьабе -ян абураб.

СагIудиязул гIарабиязул началихъалъул Исламиял ишазул, вакъфуялъул ва дагIватгун тIуритIиялъул визарататъ гьабураб ишараги тIубазабун: хирияб Къуръаналъул магIнаби киналго мацIазда таржама гьариялъул бугеб кIудияб кIвар букIин, гьеб Къуръан гIараб мацI лъаларел бусурбабазе бичIи бигьалъизе. Хирияв аварагасул амруги тIубазабун: *«Нужеца дир рахъалъан умматалъухъе цвезабе цохIо аят бугониги»* - абураб.

МагIарул мацIалда кIалъалел нилъер вацалазе хъулухъ гьабун Мадина шагьаралда бугеб Ал-малик Фагьдил

Къуръанал кIватIир риччалеб мужамагIалъе лъикIаблъун бихьана хIурматияв Къуръан цIалулеее гьаб магIарул мацIалда бугеб таржама кIватIиб биччазе. Гьеб хIадур гьабуна **ащейх ГIабдуррахIим МухIаммадил васас.** Мужамагlалъул рахъалъан гьелъул хал гьабуна ащейх ГIаббас Амирхlамзал васас ва ащейх Шамил Гьаирбековас.

ТIадегIанав ва Жив вацIадав Аллагъасе рещ гьабулеб буго жинца гьаб кIудияб иш тIубазе квер бакъарав. Нижер хьулги буго гьаб гIамал цохIо Аллагъ разилъяялъе сабаблъун букIина абун ва гьелдалъу гIадамазе мунфагIатги букIина абун.

Нижеда лъала хирияб Къуръаналъул магIнабазул таржама, кигIанго лъикI гьабун бугониги, гьеб букIуна жинда тIубанго Къуръаналъул кIудиял магIнаби рагьизе кIолореблъун. Гьеб Къуръаналъул рагIаби ругельул жинца инсан гIажиз гьавулеб мутIжизатлъун.

Таржамаялъ жиделе тIоритIел гьабулел магIнаби рукIуна гьеб таржама гьабурасул Аллагъасул хирияб тIехь лъаяльул гIелму щвараб къадаралда. Гьеб таржамялда тIадги бачIуна кинабго инсанасул гIамалалда тIаде бачIунеб хатIаъ ва нукъсанлъи.

Гьедин бугельул, нижер хьул буго гьаб таржама цIаларас Мадина шагьаралда бугеб Ал-малик Фагьдил Къуръанал кIватIир риччалеб мужамагIалде цвезабила абун гьелда жаниб жиндие батараб хатIаъ ва нукъсанлъи. ИншаАллагьу, нижеца хадусеб нухалъ таржама кIватIиб бичалеб мехалъ гьездасан мунфагIат босила.

Аллагь вуго жинца тавфикъ гьабулев. Гьев вуго жинца битIараб нухалда тIоритIулевги.

Я нижер Аллагь! Дуца гьаб нижер гIамал къабул гьабе, муи вуго кинабго жо дуда рагIулев ва лъалев.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**Хириял магIарулал!**

Гьаб буго ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндие хирияв МухIаммад ﷺ аварагасда рештIинабураб ва ццерехун рукIарал киналго диналги хвезарун, халкъалъе гIаммаблъун гьабураб исламияб диналъул аслу - Къуръан.

ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) калам жиндир рагIаби дагьаб амма магIна гIамераб ва гъваридаб букIиналъ, щибаб рагIиялъул магIна гьабун тани гьеб кинавго чиясда бичIунаро.

Хирияв Аварагасул ﷺ асхIабзабазул (ра) заманаялдасан байбихьун жакъа къоялде щвезегIан гIалимзаби гьеб Къуръан баян гьабиялда тIад хIалтIулел руго ва жеги хIалтIизеги руго. Щибаб заманаялъ щивав гIалимасда батунеб буго Къуръаналда жаниб жинда тIад хIалтIизе бегьулеб ва жиб халкъалъе баян гьабизе бегьулеб бакI.

МагIарул мацIалда кIалъалел бусурбабазе Аллагьасул (عز وجل) каламалъул дагьабниги магIна лъазе бокьун ва гьезие диналъе квербакъи букIине бокьун, магIарул мацIалде буссинабун Къуръаналъул магIна тапсиргун цадахъ басмаялда (печаталда) бахъунеб буго.

Гьаб хIалтIиялъе жидедаса квербакъи тIалаб гьабурал ва мунпагIат босарал тIахьал руго: «АтIабари», «Ал-кашаф», «Ал-алуси», «Ибнукасир», «Жалалайни», «Сафвату тафасир», «АвзахIу тафасир», «Зубдату тафасир». Гьел руго лъикIал гIалимзабаз данде гьарурал ва дир квер жидеда гIунтIарал тапсирал.

Гьаб таржамаялда жанир шаргIиял масъалаби рицун руго имам ШафигIил мазгьабалда рекъон, Дагъистаналъул гIемерисел бусурбаби гьеб мазгьабалда рукIиналъе гIоло.

Гьаб тафсир ва таржама цIалулаго гьелда гIайиб чIвазеги хехлъуге. ГIемерисеб жоялъе накъло (босараб бакI) бицун буго, накъло бицичIого тарабги шаргIалда рекъон бицараб буго. ХIал кIвараб яхI бахъун, битIараб магIна букIине бокьун гьабураб хIалтIи буго. Ва амма инсанасул гъалатI камиларо. Гьеб гъалатI бокьун гьабураб гьечIони Аллагьги (عز وجل) тIаса лъугьуна.

Гьаб хIалтIиялда жаниб бугеб кинабниги битIараб, лъикIаб, мунпагIат бугеб жо Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб-рахIму буго ва гьелда даимго шукро гьабизе тIадав дунги вуго. Гьалда жаниб ккараб жагъаллъи ва гъалатI дир напсалъул рахъалъан буго ва гьелдаса тIасса лъугьин дицаги гьарулеб буго.

ТIадегIанав Аллагьасде (عز وجل) гьариги буго гьаб таржама данде гьабурал, гьелда тIад хIалтIарал, гьеб басмаялда бахъаразул мунагьал чуреян абун ва гьезие ахираталъе хазиналъунги гьабеян абун. Гьединго Аллагьасда гьари буго гьаб таржама жиб цIаларазе гьезул иман, дин камиллъиялъе сабаблъун ккезабеян абун.

Гьаб ццеберагIиги лъун тафсиргун цадахъ таржама зарбоялда бахъана ункъго нухалъ: кIиго нухалъ Дагъистаналда, цо нухалъ Сириялда ва цо нухалъ Мадинаялда. Гьеб буго цIакъ мунфагIат бугеб хIалтIи, диналъул кIвар бугев чияс цIаличIого гIолареб.

Гьанже зарбоялда бахъараб ва нужеда кодоб бугеб таржама буго цIакъго дагьаб жо гурони тафсир цадахъ гьечIеб, къокъ гьабураб хIалтIи. Гьаб хIалтIи гьабиялъе сабаб буго хирияб Къуръан цIалулев чиясе магIна хал гьабизе бокьани гьеб цохIо тIамачаялда жинда ццебе букIин ва цадахъ босине бигьаяб букIин: цохIо тIехьалда жаниб буго кинабго Къуръан.

Ва амма нужеда гьари буго тIубараб тафсир цадахъ бугеб Къуръан цIалеян абун: гьелда жаниб гIемераб гIелму буго ва инсанасе лъазе кколел гIемерал масъалабиги руго.

ТIадегIанав Аллагьас квер бакъаги жив разияб гIамал гьабине. Амин.

**Хирияб Къураналъул магIнаялъе таржама гьабиялда ццебе лъолеб баян**

(гьаб буго Мадина шагьаралда бугеб Къуръанал зарбоялда рахъунеб мужаммагIалъул гIалимзабазул рагIи)

Хирияб Къуръан буго ТIадегIанав Аллагьасул калам, жиндир хIурупалгун ва магIнагун цадахъ жиндир расуласде рештIинабураб: кинабго гIаламалъе рахIматлъун, алжаналдалъун рохел бицунеб, жужахIалдалъун хIинкъиги кьолеб, Аллагьасул изнуялдалъун гьесул диналде жинца ахIулеб, жинца нур базабулеб чирахълъунги жиб бугеб. Гьеб Къуръан баян гьабулеб къокъаб калам буго гьаб.

**<u>ТIоцебесеб:</u>** хирияб Къуръаналъул, гьелъул цIаразул ва сифатазул баян.

Хирияб Къуръан буго тIадегIанав Аллагьасул калам, жиндир расул МухIаммадиде рештIинабураб, жиндир ргIабаздалъун ва магIнаялдалъун гьесде вахIюги гьабураб, жиб кагъаталдеги хъвараб, машгьурго цояз цогидазде бицун жиб цебесан цебеги кьолеб, жиб цIали гIибадатлъунги бугеб.

ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир расуласде рещтIинауараб ВахIюялда Къуръан абун цIар лъурав. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا عَلَيْكَ ٱلْقُرْءَانَ تَنزِيلًا

**ХIакълъунго Дица рещтIинабуна дуде Къуръан дагь-дагь ккун.** (Суратул Инсан. 23т аят).

Гьеб цIар лъеялъе гIилаги буго Къуръан букIин жиб цIалулеб ва жиб кIочон толареб.

Гьединго Аллагьас ВахIюялде цIар лъуна ТIехь абунги:

إِنَّآ أَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ

**ХIакълъунго дица дуде ТIехь рештIинабуна хIакъаб жоялдалъун.** (Сурату Ннисаъ. I05 аят).

Гьеб цIар лъеялъе гIилаги буго Къуръан букIин жиб хъвалеб ва рехун толараб.

ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналъе сипаталги гьаруна фуркъан абун (жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулеб), зикрун абунги (рехсей, вагIза-насихIат), гьудан абунги (жинца тIоритIулеб), нур абунги, шифаъ абунги (жинца сах гьарулеб), хIаким абунги, вагIза абунги; гьал гурелги цогидал сипатал гьаруна хирияб Къуръаналъул къадро кIодолъиялде ва гьеб камилаб рисалат букIиналдаги тIоритIел гьаблел.

«МусхIаф» абраб ргIи босана (Къуръаналде гьеб цIарги абула) жинда тIад хирияб Къуръан хъварал кагътада асхIабзабаз абулеб букIараб цIаралдаса

Хирияб Къуръан Аллагьасул ВахIю буго жиб босун МухIаммад аварагасул ракIалде Жабраил рештIараб. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

وَإِنَّهُۥ لَتَنزِيلُ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿١٩٢﴾ نَزَلَ بِهِ ٱلرُّوحُ ٱلْأَمِينُ ﴿١٩٣﴾ عَلَىٰ قَلْبِكَ لِتَكُونَ مِنَ ٱلْمُنذِرِينَ ﴿١٩٤﴾ بِلِسَانٍ عَرَبِىٍّ مُّبِينٍ ﴿١٩٥﴾

**ХIакълъунго гьеб Къуръан гIаламалъулго БетIергьанас рештIинабураб буго, жиб босун жинда божи бугев Жабраил дур ракIалде рещтIараб, мун гIадамазе хIинкъи кьолевлъун вукIине, баянаб гIараб мацIалдалъун жиб бугеб.** (Сурату Щугlараъ, I92-I95 аятал).

МухIамад авараг гьаб ишалъе цIияв чи гьечIо. Киналго аварагзабазда Жабраил малаик рештIунев вукIана Аллагьасул ВахIю босун. Гьаб кIудияб божилъи тIубазе Жив ВацIадав Аллагьас жиндие бокьарав тIаса вишула. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

ٱللَّهُ يَصْطَفِى مِنَ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا وَمِنَ ٱلنَّاسِ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌۢ بَصِيرٌ ﴿٧٥﴾

**Аллагьас тIаса вищула малаиказдаса ва гIадамаздаса расулал. ХIакълъунго Аллагь жинда ргIулев ва жинда бихьулев вуго.** (Суратул ХIаж. 75 аят).

Аллагьасда лъикIго лъала расуллъун витIине бегьулевги бегьуларевги: кинабго махлукъ (бижанщинаб жо) Аллагьасул халкъ бугелъул. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

وَرَبُّكَ يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ وَيَخْتَارُ ۗ

**Дур БетIергьанас Жиндие бокьараб жо бижула ва Жиндие бокьараб тIассаги бищула.**

(Суратул Къасас. 68 аят)

**КIиабилеб:** хирияб Къуръан кин рештIараб.

Аллагьасул расул МухIаммадиде Къуръан рештIин бай бихьана рамазан моцIолъул анцIила анкьабилеб къоялъ, миладияб тарихалъул 6I0 абилеб соналъул, Гьеб букIана итни къо. Хирияб Маккаялъул мугIрузда бугеб ХIираъ нохъоде авараг вакIадго гьесде Жабраил рештIана гьал аяталги росун:

ٱقْرَأْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلَّذِى خَلَقَ ﴿١﴾ خَلَقَ ٱلْإِنسَٰنَ مِنْ عَلَقٍ ﴿٢﴾ ٱقْرَأْ وَرَبُّكَ ٱلْأَكْرَمُ ﴿٣﴾ ٱلَّذِى عَلَّمَ بِٱلْقَلَمِ ﴿٤﴾ عَلَّمَ ٱلْإِنسَٰنَ مَا لَمْ يَعْلَمْ ﴿٥﴾

**Дуца цIале, мун вижарав БетIергьанасул цIаралдалъун. Жинца инсан биялъул гороялдаса вижарав. Дуца цIале, ва дур БетIергьан цIакъ хирияв вуго, жинца къаламалделъун хъай лъазабурав, инсанасде лъаларе жоги Жинца лъазе гьабурав.**

(Суратул ГIалакъ. I-5 аят).

Гьал аятал рукIана хирияб Къуръаналдаса Аллагьасул расуласде рещтIараб жоялъул авалаб.

Гьал аяталдги росун авараг хъизаналде тIад вуссана, жиндир нафсалда хIинкъун ракIги тIеркIолеб бугеб хIалалъ. Гьес жиндие ккараб жо чIужуялде бицана – муъминзабазул эбелалде Хувайлидил яс Хадижатиде-, гьес абуна: дун дирго нафсалде хIинкъулев вуго – абун.

Хадижатица абуна: Вореги мун хIинкъуге! Дуе рохел буго! Валагьи Аллагьас мун кидаго гIодовегIана гьавизе гьечIо! мун вуго гIагарлъилъулги бухьен гьабулев (рахIмо къотIуларев), битIараб рагIиги бицунев, захIмалъиги баччунев (къварилъи захIмалъи ккарав чиясе кумек гьабулев), гьоболасе хъулахъги гьабулев, балагь къварилъи борхизе кверги бакъунев- абун.

Цинги Хадижатица гьев вачана Навфалил вас Варакъатихъе. Гьев вукIана гIилму ва гIакълу бугел гIадамаздаса. Варакъатида Хадижатица абуна: Я дир имгIал мун гIенекке гьав МухIамадица бицунеб жоялда. Расулуллагьас жиндие бихьараб жо бициндалго Варакъатица абуна: «Гьев вуго Жабраил, Муса аварагасдеги жив рештIарав. Дун вугев анищ гьеб ишалъе квер бакъине гIолохъанчилъун! Дур къавмалъ мун Маккаялдаса къватIив къотIулеб къоялъ дун чIаго вукIунеб анищ!» - абун. Расулуллагьас абуна: «Гьез дун къватIивищ къотIилев?» - абун. Варакъатица абуна: «У, мун гьез къватIив къотIила. Цониги чи гьечIо мун гIадин дин босун вачIарав, жинда тушаманлъи гьабичIев. Дун чIаго хутIани дица дуе цIакъ квер бакъила!» - абуна. Гьалдаса хадуб дагьаб заман индалго Варакъат хвана.

Аллагьасул расуласде хирияб Къуръан цохIо нухалъ рещтIичIо, цогидал аварагзабаде рештIарал тIахьазде релъун. Гьеб рещтIана бикь - бикьун, къоло лъабго соналъул болжалалда жаниб. ТIубарабго суратги рештIулаан, дагьалго аяталги рещтIулаан.

Гьадин бикь – бикьун Къуръан рещтIинабиялъул хIикмат буго аварагасул ракI щула гьаби ва гьев къуват гьави. Гьесул гуч цIикIунеб букIана хирияб Къуръан босун Жабраил вачIунщинахъе ва гьесул гьунар гIолеб букIана мушриказда данде чIезе. ТIадагIанав Аллагьас абуна:

وَقَالَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَوْلَا نُزِّلَ عَلَيْهِ ٱلْقُرْءَانُ جُمْلَةً وَٰحِدَةً ۚ كَذَٰلِكَ لِنُثَبِّتَ بِهِۦ فُؤَادَكَ ۖ وَرَتَّلْنَٰهُ تَرْتِيلًا ﴿٣٢﴾

**Кафурал гIадамаз абуна: «Гьесда Къаръан цохIо нухалъ рещтIинабураб анищ»- абун. Дица Къуръан бикь – бикьун рещтIинабуна гьелдалъун дур ракI щулалъизе ва дица гьеб Къуръан цIакъ берцинаб, пасихIаб хIалалъ дуе баянги гьабуна.** (Суратул Фуркъан. 32 аят).

Гьединго Къуръан бикь-бикьун рещтIинабиялъул буго муъминзабазе кIадияб тарбия кьейги. Гьелъ баян гьабулеб буго гIилму тIалаб гьаби ва цогидал диниял ишал дагь-дагь ккун гьаби лъикIаб букIин: гьеб бигьаяб букIуна гIилму лъаялъе ва ракIалде кквеялъе. Куфру-ширкалъул ва жагьиллъиялъул бецIлъукъ рукIарал гIадамал иманалъул нуралде рачине, Аллагь цо гьавиялде ва гIилмуялде рачинеги сабаб букIана Къуръан дагь-дагь ккун рещтIинабиялда жаниб.

**<u>Лъабабилеб:</u>** хирияб Къуръан хъвай

Жинда хIажатаб жо цIуниялъе сабаб буго гьеб хъвай. ХъвачIого тараб калам кIочене рес буго. Хирияб Къуръан къиямасеб къо щвезегIан гIадамал жинца тIоритIизелъун рещтIун бугелъул, гьеб хъвайги чара гьечIеб жолъун букIана.

Къуръан хъваялъул кIвар гьабуна живго аварагас. гьес асхIабзабазул хъвай – цIали лъалезул цо къукъаялда амру гьабуна хирияб Къуръан хъваян абун. ВахIю хъвазе тIад къарал асхIабзабазул бищунго машгьурав вукIана ансарияв Сабитил вас Зайд, жинда Аллагь разилъаяв.

Жинда ВахIю рещтIараб мехалъ хирияв аварагас гьеб рекIелъе цIунулеб букIана, цинги гьеб хъвалезде абулаан: «Нужеца гьал аятал лъе пуланаб жо бицунеб сураталда жанир» - абун. Гьезда сураталъул цIарги бицунаан ва гьел аятал гьенир хъваян амру гьабулаан. Гьелда хадуб хирияв аварагас асхIабзабада амру гьабулаан ахиралда рещтIарал Къуръаналъул аятал рекIехъе лъазареян ва гьезул мурадги лъазабеян. Гьеб хирияб Къуръан авараг чIаго вугеб мехалъго кинабго хъван тIубан букIана (жинда тIад жо хъвазе данде кколебщинаб жоялда: ракьа, цIако, къоно, гьазда релъарал жалазда).

Аллагьасул салам лъеяв Жабраилас щибаб соналда жаниб цо нухалъ хирияб Кькръан аварагасе цIалун, аврагас гьесие цIалун такрар гьабулаан. Хирияв авараг жиндилъ хвараб соналъ Жабраилас гьесие Къуръан кIиго нухалъ такрар гьабун цIалана гьаб нилъеда лъалеб хIалалъ суратазул ва аятазул тартибги гьабун. Гьеб букIана ТIадегIанав Аллагьасул рагIи хIакъ гьаби:

إِنَّ عَلَيْنَا جَمْعَهُۥ وَقُرْءَانَهُۥ ﴿١٧﴾ فَإِذَا قَرَأْنَٰهُ فَٱتَّبِعْ قُرْءَانَهُۥ ﴿١٨﴾

**ХIакълъунго Дида тIад буго гьеб Къуръан дур каранде жаниб данде гьабизе ва дуда гьеб кIочене биччачIого цIунизе. Дица Жабраил малаик цIализе виччан дуе гьеб Къуръан цIалараб мехалъ гьесда хадуб цIале дуца Къуръан.** (суратул Къиямат. I7-I8 аят)

سَنُقْرِئُكَ فَلَا تَنسَىٰ

**Дица дуда Къуръан цIали лъазабила, цинги дуда гьеб кIочезеги гьечIо.** (суратул АгIла. 6 аят)

**Ункъабилеб:** хирияб Къуръан тIанчазда тIад бакIари

Расулуллагь хвараб мехалъ гьесул ритIухъав халифа Абубакрица амру гьабуна хирияб Къуръан жиндир букIине кколеб тартибалда кагътида хъвай абун: Къуръан рекIехъе лъалел асхIабзаби хвеялдалъун яги гьеб тIад хъварал жал тIагIиналдалъун Къуръаналъул щибниги жо камичIого букIине. Гьаб иш гьабизе тIад къана жинца вахIю хъвалев вукIарав Сабитил вас Зайдида.

Къуръан тIад хъварал жал ракIарун, гьеб рекIехъе лъалел асхIабзабазулгун данде кквей гьабун, ракъа-рагIалда щвараб мухIканлъиги гьабун Къуръан кагътида тIад хъвана ва гьел кагъталги Абубакр асхIабасул рокъор цIунун рукIана. Гьев хвараб мехалъ кIиабилев халифа ГIумар асхIабасул рокъор цIунун рукIана. Гьевги хвараб мехалъ муъминзабазул эбел, ГIумар асхIабасул яс ХIафсатил рокъор цIунун рукIана.

Ислам тИибитIидал бусурбаби хIажалъана жидеца цIализе Къуръанал рукIиналда. РитIухъав халифа ГIусман асхIабасда цогидал асхIабзабаз мушавараги гьабун, гьез хIукму гьабуна имамас цIалулеб Къуръан букIине ккеялда: гIадамал гьесда нахъ рилъгьине. ГIусман асхIабас Къуръан рекIехъе лъалел ва гьеб хъвазе лъалел асхIабзабада амру гьабуна гьеб иш гьабизе байбихьеян. Гьезул бетIерлъун гьавуна Сабитил вас Зайд, гьез мугъ чIвалеб жолъун букIана Абубакар асхIабас данде гьарурал, ХIафсатил рокъор цIунун ругел кагътал. Гьел асхIабзабаз цо тIехьалда жанир ракIарана ва гьелдаса чанго нусхаги (копия) хъвана ва гьел Къуръанал исламияб пачалихъалъул кIудиял шагьаразде ритIана ва гьездасан Къуръанал хъвай абун амруги гьабуна.

Жакъа дунялалдаго тИиритIун ругел киналго Къуръанал руго дол ГIусман асхIабас амру гьабун хъварал Къуръаназдаса насху гьабун хъварал ва гьел хилиплъуларо дол Къуръаназул нассалада (хIуруфазда ва рагIабазда) ва гьезул тартибалдаги.

Жакъа къоялде щвезегIан бусурбабаз яхI бахъулеб буго Къуръан миллионал тиражгун зарбоялде бахъиналъе ва гьеб ишалъе цIиял алаталги хIалтIизарулел руго. Гьалдалъун тIадегIанаб даражаялде бахинабизе ГIусман халифаясул заманалъго хъвараб Къуръаналъул хъваялда рекъон жиб цIунараб, Къуръаналъул берцинго хъвай ва гьелъул хIуруфал ва игIрабал мухIкан гьариги. Мадина шагьаралда бугеб Фагьдил Къуръанал зарбоялда рахъунеб мужаммагIги ккола гьеб Къуръаналъе хъулухъ гьабулел гIуцIабазул бищунго кIудияб ва СагIудиязул хIакимзабаз Къуръаналъе гьабулеб берцинаб хъулхъ загьир гьабулеб бакIлъун. Гьезул яхI бахъиналдалъун бусурбабазухъе щолеб буго цIакъго лъикI къачIараб ва берцин гьабураб Къуръан: мухIкан гьабун цIунараб, хатI берцинаб, кагъат лъикIаб ва жилдал къачIараб.

**Щуабилеб**: Къуръаналъул тартиб (гIуцIцIи) ва гьелъул жузал.

Хирияб Къуръан бай бихьула Суратул-ФатихIаялдалъун ва гьеб тIубала сурату-Ннасалдалъун. Гьелда жаниб буго (II4) сурат. Гьаб тартиб буго МухIуммад аварагас гьабураб тартибалдаса босараб ва гьеб гьечIо суратал ва аятал рещтIиналъул тартибалде бугеб. ТIоцебе рещтIараб сурат буго «суратул ГIалакъ», амма гьеб Къуръаналда жаниб (96) абилеб сурат буго. АсхIабзабада суратазул ва аятазул тартиб лъалеб букIана аварагасул цIалиялдаса.

Къуръан бикьун буго (30) жузалда, щибаб жуз бикьула кIиго хIизбуялда ва щибаб хIизбуги бикьула ункъго бутIаялда. Гьаб хIалалъ Къуръан бикьи гIалимзабаз гIуцIараб буго: бусурбабазе Къуръан цIализе ва рекIехъе лъазабизе бигьалъи гьабун.

**Анлъабилеб**: Къуръан лъазе гьаби.

Бусурбабаз цIакъ кIвар кьуна хирияб Къуръан лъазабизе, гьелъул насс (хIурупал, рагIаби, тартиб) цIунун ва гьеб аварагасда рещтIараб хIалалъ цIалун. Къуръан цIалулел ва гьеб рекIехъе лъалел асхIабзабаз яхI бахъана жидеда хадусеб гIелалда (табигIиназда) Къуръан лъазабиялъе: гьелъул насс мухIкан гьабуна ва щибаб аяталъул тафсир баян гьабуна ва гьелда гIамал гьабиги лъазабуна. Цинги гьел табигIиназ Къуръан лъазабулел мадрасаби гIуцIцIана ва жидеца асхIабзабадаса босараб хIалалъ хирияб Къуръан цогидаздеги лъазабуна: Къуръаналъул киналго хIарпал ва калимабиги рикIана, суратазул, аятазул тартибги цIунана, батIи-батIиял къираатал баян гьаруна, тажвид ва тартил лъазабуна. Гьединлъидал хирияб Къуръан нахъе хутIана пасихIаб гIараб мацIалда, аварагасда жиб рещтIараб хIалалъ мугIаллимасдаса мутагIаллимас жиб цIалулеблъун, рекIехъе лъазабулеблъунги, жиндир магIана – тафсир лъалеблъунги.

Хирияб Къуръан цIалула чанго батIияб къирааталда: хIурупал аби, калима цIали букIуна батIи-батIияб къагIидаялъ табигIиназ асхIабзабадасса босараб, гьезги хирияв аварагасдаса босараб ва аварагас бегьизе гьабураб хIалалъ. Нилъер заманаялъ гьел къираатазул бищунго машгьураб буго ГIассимил къираат, гьесул мутагIил Сулайманил вас ХIафсица бицараб, гьединго НафигIил къираат гьесул мутагIил Варщица бицараб. Гьединго буго Ад-дурияс бицараб ва Къалуница НафигIидаса бицараб къираатги.

**Анкьабилеб**: хирияб Къуръаналъе тафсир гьаби.

Тафсиралъул магIна буго Къуръаналъул магIнаби баян гьари. Каламалъул мурад бичIуларо гьелъул магIна ва гьелъ жинда тIоритIел гьабулеб жо лъан гурони. ТIадегIанав Аллагьас Къуръан цIалулев чи ахIулев вуго гьелъул магIна бичIиялда:

كِتَٰبٌ أَنزَلْنَٰهُ إِلَيْكَ مُبَٰرَكٌ لِّيَدَّبَّرُوٓا۟ ءَايَٰتِهِۦ وَلِيَتَذَكَّرَ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ

**Дуда рещтIинабураб тIехь буго жиндилъ баракат бугеб, гIадамаз жиндир аятазул пикру гьабизе ва гIакълу бугез вагIзаги босизе.** (Сурату Ссад. 29 ят)

пикру гьаби (тадаббур) абураб рагIиялъул магIна буго: бичIчIин, лъай.

Расулуллагьас асхIабзабада бичIчIинабулеб букIана хирияб Къуръаналдаса гьезие ишкаллъараб жо (гьезул шаклъи ккараб). Киниги хирияб Къуръан рещтIунеб мехалъ гьел асхIабзаби пасихIаб гIараб мацI лъалел рукIиналъ гьез гIемер суалал кьолароан аварагасе. Амма заман халалъарабгIан гIадамал хIажалъана Къуръан баян гьабулел тафсиразда.

Бичасул расуласдаса ва гьесул асхIабзабадаса нилъее щвараб дагьабго жоялдаса, - жинда тафсиру аль-маъсур абулеб (аварагасдаса асхIабзабадаса ва табигIиназдаса бачIараб тафсир), - рес лъугьана гьебги аслолъун гьабун тафсирал гьаризе: гьел асхIабзаби рукIиндал жидеда Къуръан рештIин бихьарал, аварагасул цIали рагIарал, пасихIаб гIараб мацI лъалел. Гьединго гьезда лъалеб букIиндал хирияб Къуръан рещтIунеб мехалъ бакIараб ахIвал-хIал ва гьеб мехалъ ккарал лъугьа – бахъинал.

(1) **Тафсиралъул тайпаби:**

Щивав гIалимасул гIелмияб рахъ хал гьабун гьес гьабулеб тафсирги батIияб букIана. Гьединлъидал тафсирал руго Къуръаналъул лугьат (мацI) бицунел, цоги руго фикъгьиял хIукмаби рицунел, цоги руго тарихияб жо баян гьабулел, цоги руго инсанасул сулук (хьвади, тIабигIат) бицунел. Цогиги батIи-батIиял рахъал рицунел тафсирал руго. Гьединлъидал гIалимзабаз тафсирал рикьана кIиго тайпаялда:

- маъсуриял тафсирал. Гьел руго Аллагьасул расул МухIамадица, гьесул асхIабзабаз ва гьезда хадусел табигIиназ гьарурал тафсирал.

-ижтигьадалдалъун гьабурал тафсирал. Гьел руго гIалимзабаз битIараб нухалда жидер гIакълуялда ва гIелмуялда рекъон гьарурал тафсирал.

**(2) тафсиразул бищунго лъикIаб нух ва гьелъул гIорхъаби:**

Маъсуриял тафсирал руго хирияб Къуръаналъе гьабулеб тафсиралъул бищунго лъикIаб ва жиб ццебе кколеб. Гьеб бугелъул хирияв аварагасдаса, гьесул асхIабзабада ва гьезул мутагIилаздаса босараб. Гьелги жидеда бищунго лъикI Къуръан лъалел руго.

Къуръаналъул баян кьезе бокьараб мехалъ тафсир гьабулес цIунизе ккола гьал хадур рехсарал гIорхъаби:

1) Маъсуриял тафсиразда бугеб хIалалъ аятазул магIна цIуни ва гьелда данде кколареб магIна гьабун гутIи.

2) Тафсир рекъезе ккола Къуръаналъул гIамал магIнабазда ва аварагасул сунаталъ баян гьабураб нухалда. Гьал магIнабазда данде кколареб хIалалъ тафсир гьабизе бегьуларо: хирияб Къуръан буго цоялъ цояб баян гьабулеблъун ва гьелда жаниб цоялъ цогидаб хвезабулеб жоги гьачIо. Аварагасул суннаталъ гьеб Къуръаналда жаниб баянлъичIого хутIараб жо баян гьабуна ва гьелъие тафсирги гьабуна.

3) ГIараб мацIалъул къигIидаби лъазе ккола тафсир гьабулев чиясда: рагIиялъ жинда тIоритIел гьабулаб жо, калам гIуцIулеб хIал, щибаб рагIи кин хIалтIизабулеб, ва цогидалги гIараб мацIалъул истIилахIал (къигIидаби) лъазе ккола. Хирияб Къуръан гIараб мацIалда рещтIун бугелъул гьеб бичIчIине ккола гIараб мацIалъул къагIидабазда рекъон.

4) Жал баян гьаричIел аятал (муташабигьал аятал) роцине ккола жал баян гьарурал аятазда: Къуръан багелъул цоялъ цогидаб баян гьабулеблъун. Къуръаналъул гIемерисел аятал жидер магIна баянал руго. Цо-цо аятал магIна баянлъичIел руго ва цо гIадамазе гьеб бичIчIунаро. Гьал

муташабигьал аятал мухIканал аятазда рорцараб мехалъ гьеб ишкал тIасса уна. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

هُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ مِنْهُ ءَايَٰتٌ مُّحْكَمَٰتٌ هُنَّ أُمُّ ٱلْكِتَٰبِ وَأُخَرُ مُتَشَٰبِهَٰتٌ ۖ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ فِى قُلُوبِهِمْ زَيْغٌ فَيَتَّبِعُونَ مَا تَشَٰبَهَ مِنْهُ ٱبْتِغَآءَ ٱلْفِتْنَةِ
وَٱبْتِغَآءَ تَأْوِيلِهِۦ ۗ وَمَا يَعْلَمُ تَأْوِيلَهُۥٓ إِلَّا ٱللَّهُ ۘ وَٱلرَّٰسِخُونَ فِى ٱلْعِلْمِ يَقُولُونَ ءَامَنَّا بِهِۦ كُلٌّ مِّنْ عِندِ رَبِّنَا ۗ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّآ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٧﴾

**Гьев Аллагь вуго Жинца дуда тIехь рещтIинабурав. Гьелда жанир баянал аятал руго ва гьелги Къуръаналъул гIемерисел руго. Цоги маташабигьал аятал руго. Жидер ракIазулъ унти бугел гIадамал (иман загIифал) гьел муташабигьал аятазда хадур лъугьуна, гьел аятазе жидее бокьараб магIнаги гьабун жидеца питна гьабизе бокьун. Гьел аятазул магIна лъаларо цохIо Аллагьасда гурони. ГIелмуялда жанир гъваридго лъугьарал гIадамаз абула: ниж гьелда божула, гьеб кинабго Аллагьасул рахъалъан буго абун. ХIакъаб жо бичIун гьелъул вагIза босуларо гIакълудал бетIергьабаз гурони** (Сурату Али-ГIимран. 7 ят)

5) Дунялалъул ахIкамазда хурхарал аятазе (бакъ, моцI, зоб, ракь ва гь. ц.) тафсир гьабулеб мехалъ мухIканал гIелмиял къагIидаби рицине ккола ва гьеб тафсиралда жанир жеги мухIканлъичIел гIалимзабазул гIелмиял бахIсалги рицине бегьуларо. Гьел бахIасл рициналъ Къуръан жиндир аслияб мурадалдаса буссинабула

6) МагIна мекъал таъвилал гьариялдасаги цIунизе ккола: жидедалъун Аллагьасул калам бацIадаб шаргIияб нухалдаса бахъунеб ва рикIад гьабулеб. Гьединго гIараб мацIалъул къагIидаби хвезарулеб. Гьаб таъвил гьаби букIине бегьула ургъунго Къуръаналъул магIна мекъи гьаби мурадалда, яги гIараб мацIалъул къагIидаби лъачIого, яги тафсир гьабулесда гьеб мекъаб магIна битIун бугин ккун.

**Микьабилеб:** хирияб Къуръаналъул мугIжизат.

МугIжизат абураб ргIиялъул магIна буго: жинда релъараб жо гьабизе инсанасул хIал кIолареб жо: цо иш букIа, гIакъло букIа, тадбир букIа. МугIжизат буго цо кинаб бугониги иш лъугьи, жиб бургьанлъун (далиллъун) букIине аварагзаби ритIухъал рукIиналъе. Гьаб ргIи Къуръаналда жаниб гьечIо, гьелъул бакIалда «аят» яги «бургьан» абун буго.

Хирияб Къуръан Аллагьасул калам буго ва гьелда жаниб гIемер буго инсан жинца гIажиз гьавулеб калам, камилаб магIнаги, берцинго мухIканго рекъезарун ругел аяталги ргIабиги. ТIадегIана Аллагьас абуна:

الٓر ۚ كِتَٰبٌ أُحْكِمَتْ ءَايَٰتُهُۥ ثُمَّ فُصِّلَتْ مِن لَّدُنْ حَكِيمٍ خَبِيرٍ ﴿١﴾

**Алиф, Лам, Ра. Гьаб Аллагьасул калам Къуръан буго: жиндир аятал мухIкан гьарураб, жиделъ нукъсанлъи ва загIиплъи гьечIел. Цинги гьел аятазда жанир шаргIиял ахIкамалги баян гьарурал. Аллагьасул рахъалъан буго гьеб баян гьаби: жинда кинабго жоялъул хIикмат лъалев, щибаб жоялъул маслахIат лъалев хIакимияв гIалимлъун жив вугев** (Сурату Гьуд. I ят).

Мушриказ гIемер яхI бахъана Къуръаналъул аслуялъулго гIадамал шакдаризаризе ва гьелдаса гIадамал руссинаризе: батIи – батIиял гьерсал рицун ва шубгьаял жал рижизарун. Цинги БетIергьан Аллагьас гьезда ахIи бан аятал рещтIинаруна: нужеца гьабеха гьаб Къуръаналда релъараб, яги гьелъул цо сураталда релъараб жо абун. Гьел гIажизлъана гьедин гьабизе ва жал мукIурлъана хирияб Къуръан гIараб мацIалъ бугониги жинда раелъараб гьабизе кIолареб букIиналда. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

أَمْ يَقُولُونَ ٱفْتَرَىٰهُ ۖ قُلْ فَأْتُوا۟ بِسُورَةٍ مِّثْلِهِۦ وَٱدْعُوا۟ مَنِ ٱسْتَطَعْتُم مِّن دُونِ ٱللَّهِ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٣٨﴾

**Гьел мушрикаца абулебищ бугеб Къуръан (МухIаммадица) ургъараб жо бугин абун. Дуца гьезда абе: нужеца гьабеха гьаб Къуръаналъул цо сураталдда релъараб жогIаги. Гьеб гьабизе нужеца кумекчагIиги ахIе кигIан гIемерал ругониги, цохIо Аллагь тун батIиял, нуж битIараб бицунел ратании**. (Сурату Юнус. 38 ят)

Къураналъ баянго лъазабуна гIадамазул ва женазул хIал кIолареблъи гьелда релъараб жо гьабизе, гьез цоцалазе кумек гьабулеб бугониги:

قُل لَّئِنِ ٱجْتَمَعَتِ ٱلْإِنسُ وَٱلْجِنُّ عَلَىٰٓ أَن يَأْتُوا۟ بِمِثْلِ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ لَا يَأْتُونَ بِمِثْلِهِۦ وَلَوْ كَانَ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ ظَهِيرًا ﴿٨٨﴾

**Дуца абе (МухIамад): киналго гIадамалги жундулги цадахъ лъугьаниги гьаб Къуръаналда релъараб жо гьабизе абун, гьезда кIоларо Къуръаналда релъараб жо гьабизе, кигIанго цояз цогидазе кумек гьабулеб бугониги!** (Суратул Исраъ. 88 ят).

Хирияб Къуръан жинца гIажиз гьарулеб буго, гьеб Аллагьасул калам букIиналъ жинца гIадамазул каламалда релъинлъи гьабулареб. Къуръан мугIжизатлъун буго жиндир аятаздалъун, мацIалдалъун, ргIабаздалъунги ва гьелда жаниб бугеб пасихIаб баяналдалъунги. Гьелда жанир ругел шаргIиял хIукмабаздалъун, гьелъ ракIазда гьабулеб асаралъул къуваталдалъунги, гьелда жанир ругел гIелмиял баяназдалъунги.

ГIемерал дунялиял гIелмабазул гIалимзаби гIажаиблъун хIайран гьаруна Къуръаналда жанир ругел мухIканго баян гьарурал хIакъал гIелмиял хабарал рихьидалго, жагьилаб умматалдаса вугев хъвай цIали лъаларев аварагасе жал лъазе рес гьечIел. Гьал гIелмиял баянал сабаблъана гьезул цоял бусурманлъизе: гьезда бичIана хирияб Къуръаналъ бицараб хабар инсанасул хабар гьечIеблъи, гьеб кинабго халкъ жинца бижарав Халикъасул калам букIин.

Къураналда жанир гIемерал аятал руго Аллагь цо вукIиналъул бицунел, гьесул гIажаибал пишабазулги бицунел. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

سَنُرِيهِمْ آيَاتِنَا فِي الْآفَاقِ وَفِي أَنْفُسِهِمْ حَتَّىٰ يَتَبَيَّنَ لَهُمْ أَنَّهُ الْحَقُّ ۗ أَوَلَمْ يَكْفِ بِرَبِّكَ أَنَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ شَهِيدٌ ﴿٥٣﴾

**Дица гьезда дир гIаламатал рихьинарила зобалазулъ ва жидерго нафсазулъ ругел, гьезда баянлъизе гьеб хIакъаб жо букIин. Дур бетIергьан Аллагь гIеларищха жинда кинабго жо лъалевлъун вугев.** (Сурату Фуссилат. 53 аят)

**<u>ИчIабилеб:</u>** хирияб Къуръаналъул магIнабазе таржама гьаби.

Таражама абула цо калам цо мацIалдаса цоги мацIалда буссинабиялда. Таржама гьабиялда жанир захIмалъаби гIемер ракIуна: щибаб мацIалъул жинда хасаб къагIида букIунелъул. Таржама гьабураб мехалъ доб мацIалда дол ргIабаз кьолеб магIна гьаб мацIалда баян гьабизе захIмат букIуна.

ГIадамаз бицараб хабар таржама гьабулаго гьединаб захIмалъи букIунелъул, Аллагьасул каламлъун бугеб хирияб Къуръан таржама гьабулаго гьеб захIмалъи цIакъго цIикIараб букIуна: гьеб бугелъул пасихIаб гIараб мацIалада Аллагьас ВахIю гьабураб калам. Гьелдаго цадахъ Къуръаналъул ргIабиги магIнаги кIиябго цадахъ рещтIараб буго. Цониги чиясда кIоларо жинда кимилго Къуръаналъул магIна лъалин абизе ва гьеб гIараб мацIалда бегуб хIалаъ цоги мацIалда таржама гьабизеги

КигIанго хирияб Къуръаналъе таржама гьаби захIматаб иш бугониги исламалъул гIалимзабада лъалеб буго гьеб хирияб Къуръан ва гьелъ бицунеб рисалат дунялалда ругел киналго гIадамазухъе щвезаби тIадаб иш букIин: гьезул мацIал кигIанго батIи-батIиял рукIаниги. Гьаб ишги тIубаларо Къуръаналъул магIнабазе таржама гьабун гурони:

Хирияб Къуръан цоги мацIалда буссинаби букIуна:

- хирияб Къуръаналъул магIнабазул таржама гьаби. Гьеб буго цадахъ тафсир гьечIеб таржама, гьелъ баян гьабула Къуръаналъул ргIабаз жинда тIоритIел гьабулеб магIна.

- тафсиргун цадахъ бугеб таржама. Гьелъ Къуръаналъул магIна баян гьабула мисал бачун, гIатIид гьабун. Гьелъул хIукмуги буго хирияб Къуръаналъе гIараб гуреб мацIалдалъун тафсир гьаби.

КигIанго гъваридго ва баянго таржама гьабун бугониги, гьелъ Къуръаналъул аяталъул магIнаби жанир рачун рогониги, гьеб таржамаялда «Къуръан» - абуларо кIиго сабалъе гIоло:

1) Хирияб Къуръан Аллагьасул калам букIиналъе гIоло гIараб мацIалдалъун жиб рещтIинабураб. Гьеб цIакъго тIадегIанаб макъамалда буго жиндир баяналъул ва хIукмуялъул рахъалъан. Къуръаналъул аятал цоги мацIалда сверизарун хъваялъ гьелда Къуръан абураб цIар аби батIул гьабула (хвезабула).

2) КинабгIаги таржама буго гьеб гьабурав чиясе хирияб Къуръаналъул магIна бичIиналъул хIасил. Гьебги релъльун буго Къуръаналъе тафсир гьабиялда. Тафсиралда абулареб гIадинго гьеб Къуръан буго абун таржамалдаги абуларо гьеб Къуръан буго абун.

Хирияб Къуръаналъул магIнабазе гьабураб таржама къабул гьабизе ккани гьаб букIине ккола гIалимзабаз бихьизабураб хIалалъ хирияб Къуръаналъул магIнабазул къагIидаби ва гIорхъаби цIунараб, жинда жанир тахIриф гьарурал (хисизарурал) магIнаби гьечIеб, яги бусурбабазе зарал гьабулеб, гьезул хIурмат хвезабулеб жоги гьечIеб. Гьединаб мекъаб магIнаялъул таржамаби гьарула гIараб мацI лъазабулел, гьезул гIадат – тарих цIехолел кафурзабаз ва жал бусурбаби руго абун гьереси бицунел гIадамазги. Гьел руго исламияб дин хвезабизе гIоло гьелда жанир пасадал гIакъидаби лъолел ва бацIадаб шаригIат хвезабулел гIадамал

Гьаб бицараб хIалалъ мухIканлъи гьабун хирияб Къуръаналъе хъулухъ гьабун гьеб зарбоялда бахъизе гIуцIцIараб Фагьд ханасул Мадина шагьаралда бугеб мужаммагIалъ тIаде босана божилъи

бугел Къуръаналъул таржамаби къватIир риччай, Аллагьасул рисалат хирияб Къуръан гIараб мацI лъаларел гIадамазухъе гьез бицунеб жидирго мацIалда щвезабизе гIоло.

Кинабго рецци гIаламалъулго бетIергьан Аллагьасе буго. Аллагьасул цIоб рахIмат лъеги нилъер аварг МухIамадида ва киналго гьесул агьлу ахIабзабадаги, гьезда нахъ рилъарал табигIиназдаги лъеги, лъикIаб гIамалалдалъун гьезда нахъ рилъараздаги лъеги киямасеб къо щвезегIан. Амин.

**Аятул муташабигьатазул, гьезул таъвилалъул ва тафсиралъул къокъабго баян**

Аятул муташабигьатал абула жидер магIна баян гьаричIел аятазда. Хирияб Къуръаналъул гIемерисел аятал жидер магIна баянал руго, цIакъго дагьал аятал руго жидер хIакъикъияб магIна Аллагьасда гурони лъаларел. Жал баян гьаричIел аятал (муташабигьал аятал) роцине ккола жал баян гьарурал аятазда: Къуръан багелъул цоялъ цогидаб баян гьабулеблъун. Гьал муташабигьал аятал мухIканал аятазда рорцараб мехалъ гьеб ишкал тIасса уна. ТIадегIанав Аллагьас абуна:

هُوَ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ عَلَيْكَ ٱلْكِتَٰبَ مِنْهُ ءَايَٰتٌ مُّحْكَمَٰتٌ هُنَّ أُمُّ ٱلْكِتَٰبِ وَأُخَرُ مُتَشَٰبِهَٰتٌ ۖ فَأَمَّا ٱلَّذِينَ فِى قُلُوبِهِمْ زَيْغٌ فَيَتَّبِعُونَ مَا تَشَٰبَهَ مِنْهُ ٱبْتِغَآءَ ٱلْفِتْنَةِ
وَٱبْتِغَآءَ تَأْوِيلِهِۦ ۗ وَمَا يَعْلَمُ تَأْوِيلَهُۥٓ إِلَّا ٱللَّهُ ۘ وَٱلرَّٰسِخُونَ فِى ٱلْعِلْمِ يَقُولُونَ ءَامَنَّا بِهِۦ كُلٌّ مِّنْ عِندِ رَبِّنَا ۗ وَمَا يَذَّكَّرُ إِلَّآ أُو۟لُوا۟ ٱلْأَلْبَٰبِ ﴿٧﴾

**Гьев Аллагь вуго Жинца дуда ТIехь рещтIинабурав. Гьелда жанир баянал аятал руго ва гьелги Къуръаналъул гIемерисел руго. Цоги маташабигьал аятал руго. Жидер ракIазулъ унти бугел гIадамал (иман загIифал) гьел муташабигьал аятазда хадур лъугьуна, гьел аятазе жидее бокьараб магIнаги гьабун жидеца питна гьабизе бокьун. Гьел аятазул магIна лъаларо цохIо Аллагьасда гурони. ГIелмуялда жанир гъваридго лъугьарал гIадамаз абула: ниж гьелда божула, гьеб кинабго Аллагьасул рахъалъан буго абун. ХIакъаб жо бичIун гьелъул вагIза босуларо гIакълудал бетIергьабаз гурони.** (Сурату Али-ГIимран. 7 аят)

Муташабигьал аятазе мисал буго

ٱلرَّحْمَٰنُ عَلَى ٱلْعَرْشِ ٱسْتَوَىٰ

*АррахIману гIалал гIарши истава* абураб ргIи. гьаб ргIиялъе тафсир гьабулел хIакъаб гIилмуялъул гIалимзабазул буго кIиго нух.

Цо нух буго Ассалафу ссвалихIиназул гIемерисел ва хадусел гIалимзабазул цо къокъаги жинда ругеб: муташабигьал аятазул ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абураб хIалалъ гьесул ргIи толел, ай таъвил гьабуларел. Масала: Аллагьасе ргIи, бихьи, гьесул вачIин, рещтIин, квер ва цогидалги ргIаби Аллагьас абухъин цIалула ва гьезул магIна Аллагьасда тIамун тола. Масала:

ٱلرَّحْمَٰنُ عَلَى ٱلْعَرْشِ ٱسْتَوَىٰ

*АррахIману гIалал гIарши истава* абураб ргIиги гьел гIалимзабаз Аллагьас абухъин цIалула ва жидеццаги абула: ниж божарал руго Аллагьасе истиваъ букIиналда, Гьесда рекъараб магIнаялда; инсанасда ракIалде кколеб гьесулалалда релълъараб истиваъ букIун гутIи якъинаб букIингун цадахъ.

Жинда Аллагь разилъаяв имам Маликица жинда гьаб ргIиялъул магIна гьикъараб мехалъ абуна:

«аль-истиваъ - гIараб мацIалда жиб лъалеб жо буго. Кин гьеб истиваъ Аллагьасе букIунеб абуни гьеб нилъеда бицине лъалареб буго (Аллагьасги аварагасги гьеб бицун гьечIелъул). Гьелда иман лъезе тIадаб буго (Аллагьасул калам бугелъул гьеб ргIи). Гьелдаса гьикъарди бидгIаяб жо буго (Нилъ жинда хIажат гьечIеб, хириял асхIабзаби гьикъардичIеб)» - абун.

АссалафуссвалихIиназул дагьалго ва хадусел гIалимзабазул гIемермсел жинда ругеб нух буго жидеца таъвил гьабулел: масала квер абараб ргIиялъе къуват, гуч магIна гьабулел.

ٱلرَّحْمَٰنُ عَلَى ٱلْعَرْشِ ٱسْتَوَىٰ

*АррахIману гIалал гIарши истава* абураб ргIиялъеги гьел гIалимзабаз таъвил гьубула гьелъул магIна Аллагьас квершел гьабуна абун, яги Аллагьас хIалкIолъи загьир гьабуна абун букIине бегьулин абун.

Гьаб масъала буго кIудиял гIалимзаби жиндилъ хилифлъараб, нилъеда рекъон букIинаро гьезул цоял битIарал, цогидал мекъал гьари. Дун вуго ассалафуссвалихIиназул нух кквезе бокьулев. Цоги пикру бугел бусурбабаздехун дир тушманлъиги гьечIо.

ГIараб мацIалда таъвил абураб ргIи бачIуна чанго батIияб магIнаялда. Цо магIна буго тафсир абураб. Гьеб буго каламалъул мурад баян гьаби, гьеб бичIчIуледухъ бицин. Гьеб магIнаялда буго

Къуръаналъе тафсир гьабиги. Гьединго буго макьуялъе таъвил гьаби: ай макьу къотIи, гьелъие тафсир гьаби, гьеб баян гьаби.

Таъвилалъул цоги магIна буго хIакъикъат абураб. Гьелъие мисал буго هل ينظرون الاتاويله **гьал янзуруна илла таъвилагьу** абураб - *гьел ралагьун ругищ къиямасеб къоялъул хIакъикъат лъялда гурони.*

Гьединго таъвил гьаби абула каламалъул загьираб, машгьураб магIнаги тун гьелъие букIине бегьулеб цоги магIна гьабиялда. Гьаб буго «Къуръаналъул каламалъе таъвил гьаби» абидалго хадусел (гьанже ругел) цо-цо гIалимзабазул мурадлъун букIунеб магIна. Гьелъие мисал буго:

ТIадегIанав Аллагьасул рагIи وهو معكم أينما كنتم **ва гьува магIакум айна ма кунтум** *(Гьев Аллагь нужгун цадахъ вуго нуж кире ругониги)* абураб ва إلا هو معهم أين ما كانوا **илла гьува магIагьум айна ма кану** *(гьел кире ругониги Аллагь гьелгун цадахъ вукIуна)* абурабги – гьаб рагIиялъ тIоритIел гьабула жиндир гIелмуялдалъун Аллагь лагъзадерида цадахъ вукIиналдда. Жиндир заталдалъун гьев лагъзадерида цадахъ вукIин мекъаб магIна буго.

Гьединго буго يدالله **ядуллагьи,** يداه **ядагьу** абураб рагIиялъе нигIмат, сахавалъи магIна гьабиги. Бусурманчиясе бегьуларо Къуръаналъе тафсир гьабулаго гьелъул сахIихIаб, битIараб магIнаги жибго тун жиндир гьава-нафсалъе бокьараб хIалалъ магIна гьаби. МухIканаб ва битIараб букIуна хириял асхIабзабаз ва гьезда хадур рукIарал свалихIиназ гьабураб магIна гьаби ва гьезда бичIчIараб куцалъ нилъедаги Аллагьасул калам бичIчIи. Хасго мухIканлъи гьабизе ккола гIакъидаялда (рекIел чIей, иман лъей) хурхарал аятазе магIна гьабулеб бакIалда.

Дир хьул буго гьаб дир тафсиразул таржама цIалулаго гьелда жанир ратарал **аятумуштабигьатазул** (жидер магIна тIубанго загьирал гурел аятал) магIнаялда хадур лъугьун, гьезул цIех-рех гьабулел рукIинчIого, мухIканаб, баянаб магIнги лъазе гьабун, лъаларе б жоялъул хIукмуги Аллагьасда тIамун хьвадила муъминзаби абун. Цогиги гьари буго гьаб таржамаги цIалун, гьанисан хIукму гьабун хьвадиялдаса нуж цIуне абун. Лъаларе б жо гIалимзабада гьикъун, гьезул рагIиялда рекъон хьвадизе ккела.

Аллагьас квер бакъи гьвбеги жив разияб гIамал гьабизе. Амин.

**ТIадегIанав Аллагьасул калам цIализе байбихьулеб мехалъ, Аллагьас (عز وجل) нужер тушман бугоян гIадамазда лъазабураб щайтIаналъул квешлъиялдаса цIуни гьаризе тIадаб буго.**

# أعوذ بالله من الشيطان الرجيم

**Дица Аллагьасул цIаралдалъун цIуни гьарулеб буго Аллагьас (عز وجل) жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьабураб шайтIаналдаса**. Гьелъ дир диналъе ва дунялалъе зарал гьабиялдаса. Аллагьас ( عز وجل) гьабеян амру гьабураб жоялдаса гьеб шайтIаналъ вуссинавиялдасаги. Аллагьас гьабугеян абураб жо гьабиялда гьелъ вачиналлдасаги.

Гьединго шайтIаналъул квешлъиялдаса цIуни гьаризе рекъараб буго хIажатханалда иналда аскIоб, бецIаб, хIинкъараб бакIалда лъугьиналда аскIоб ва цогидабги зарал ккеялда хIинкъи бугеб бакIалдаги.

«ШайтIан» абула гIадамазул, женазул, хIайваназул жиб мутIигIлъичIеб, гIамал кIодолъи гьабураб ва гIадло-низам биххинабулеб жоялда. Гьеб магIнаялда гIадамазул «шайтIаби» цIакъго гIемерал руго ва жидер зарал цIикIарал руго: гьел нилъгун цадахъ рукIун, нилъер гIамал, хIал лъан. Гьел нилъее зарал гьабизе ургъараб мехалъ гьездаса цIунизе ккани лебалаб гIакълу ва кантIи къваригIуна.

Цоги кантIизе ккараб жо буго:

Аллагьас (عز وجل) нилъеда амру гьабулеб буго нилъедехун тушманлъи бугев инсанасда хIал рекъезабиялдалъун ва гьесие лъикIлъи гьабиялдалъун, гьелдалъун досул квешаб хIал лъикIалдахун сверизе ва гьоркьоблъиги лъикIлъизе. Амма нилъер тушман шайтIаналдаса цIуни гьареян абулеб буго БетIергьан Аллагьас, гьеб букIиналъе гIоло щибго лъикIлъи къабул гьабулареб, хIалги рекъолареб ва жиндир мурад Адамил лъимер (гIадамал) гьалаг гьари гуреб гьечIеб. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:


«ХIакълъунго шайтIан нужеда тушманлъи бугеб буго, нужеца гьелдаги тушманлъи гьабе»- абун.

Цоги ТIадегIанав Аллагьас абуна:

«Нужеца гьеб иблисги, гьелъул зуриятги (тIанчIи, насло) гьудулзабилъунищ кколел, дунги живго тун, гьеб иблис нужер тушманги букIадго» - абун.

Аллагьас (عز وجل) нилъ цIунаги гьеб шайтIаналъ хIакъаб исламияб диналдаса хъуштIинариялдаса.

**Амин**




**Сурату аль-ФатихIа**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб анкьго аят бугеб.

**I. Дица Аллагьасул (عز وجل) цIаралдалъун байбихьи гьабулеб буго: дунялалъул рокъоб жиндир гурхIел киназдего щолев, ахираталда жив муъминзабада гурхIулев.** Дица киналго умуразулъ квербакъиги Аллагьасдаса тIалаб гьабулеб буго. гьев Аллагь (عز وجل) жиндие гIибадат (лагълъи) гьабизе тIадав БетIергьан вуго, кинабго лъикIлъи, цIоб-рахIмат ва нигIматал кьолев вуго. Жиндир рахIмат ва цIоб кинабго жоялда щолев ва гIаммав вуго.

Гьеб бисмиллагьалда жаниб Аллагьасул (عز وجل) ункъоялда анцIила ичIго цIаралдасан лъабго цIар буго:

**Аллагь, АррахIман, АррахIим.** Бищун хирияб, цоги щибго жоялда кидаго лъечIеб, БетIергьанасул заталда лъураб цIар буго **Аллагь.** Хадусел киналго цIарал гьеб Аллагь абураб цIаралъе сипатлъун ккола ва ТIадегIанав Аллагьасул камиллъи бицулел руго.

**АррахIман** абураб цIаралъул магIна буго жиндир рахIмат, гурхIел гIаммав, гIемерав, кинабго жоялда щолев абураб. Гьаб цIарги Аллагь (عز وجل) гуресда абичIеб ва абулареб буго. **АррахIим** абураб цIар рахIмат-гурхIел даимав абураб магIнаялда буго: Гьев Аллагь (عز وجل) дунялалдаги ахириталдаги муъминзабада гурхIууев вугелъул.

**2. Кинабго рецц,** лъица, лъие, щиб сабаблъун гьабурабги, **Аллагьасе буго**. Киназулго бетIергьан гьев вугелъул ва аслуялда кинабго лъикIлъи Аллагьасдаса бугелъул. **Жив кинабго гIаламалъул бетIергьанлъун вугев,** кинабго жоялъул тадбир гьабулев, гьел хьихьулев, цIунулев, гIуцIцIунев. Жиндие лагълъи гьабизе тIадав ханлъунги вугев. ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьаби даимаб, нахъасан къотIи гьечIеб буго, гьев Аллагьасул (عز وجل) нигIматал, гьесул гурхIел-цIоб даимаб бугелъул.

**3. Дунялалда жив лъикIасдаги квешасдаги гурхIулев:** гьезие нигIматал кьун, гьезул маслахIатал тIоритIун. **Ахираталда муъминзабада гурхIулев.** Ахираталъул рукъ гIамалалда данде **жаза** гьабулеб бугелъул, гьениб Аллагьасул гурхIел муъминзабада гурого букIунаро. Капурзаби ва мушрикал жужахIалда уна ва гьенир даимлъула. (**жаза**: гьабураб гIамалалда рекъон гьабулеб кири яги гIазаб).

**4. Къиямасеб къоялъул бетIергьанлъун жив вугев,** жиндилъ кинабго жоялъул хIисаб-мизан ва жаза гьабулеб. Гьеб къоялъ гьитIинаб ва кIудияб кинабго жоялъул ихтияр, ханлъи, ва хIукму гьабизе бугеб квершел цохIо Аллагьасда (عز وجل) кодоб букIуна. Дунялалъул бетIергьан вуго Аллагь, амма гьаб дунялалда нилъеда рихьулеб бакIалда жидеда бетIергьан абулел гIадамал рукIуна, масала: рукъалъул бутIергьан, ракьалъул, боцIиялъул бутIергьан. Ахираталда гьединал бетIергьаби рукIунаро ва кинабго жоялъул ханлъи ТIадегIанав Аллагьасде (عز وجل) буссун букIула.

**5. Дуе буго Аллагь (عز وجل) нижеца лагълъи гьабулеб, мун гуресе гьечIо. Дудаса буго Аллагь (عز وجل) нижеца квербакъи тIалаб гьабулеб, мун гуресдаса гьечIо.** ЦохIо дуе буго БетIергьан Аллагь нижер хIелиги гьариги, мукIурлъиги, мутIигIлъиги. ЦохIо дудаса буго БетIергьан Аллагь нижеца квербакъи тIалаб гьабулеб тIагIат-гIибадат ва лъикIаб гIамал гьабиялъулъ, квешаб гIамал тезеги. Мун гурев нижее квербакъизе кIолев гьечIо ва кIодо гьавизе, хIурмат гьабизе рекъаравги цохIо мун вуго.

**6. Дуца ниж битIараб нухде тIоритIе.** Мун жинда разияб, дуе битIун лагълъи гьабизе лъалеб. Дуца жиндалъун киналго аваргзаби ритIараб исламияб диналъул нухда тIоритIе. Дуде гIагарлъи бокьарал, мун разилъи бокьарал гIадамал хьвадулеб нухда тIоритIе.

**7. Дуца жидее кIудиял нигIматал кьурал аварагзабазул, ритIухъал, рацIцIадал гIадамазул нухда тIоритIе.** Шагьидзабазул ва лъикIал муъминзабазул нухда тIоритIе, гьелда ниж даимго чIезеги гьаре. **Жидеда дур ццим бахъарал ягьудазул нух гуреб ва жал хIакъаб жо лъаларого къосарал ва мекъаб нухде ккарал насраниязул нухги гуреб.** Дур нухдаса гьетIарал дур тушбабздаса ниж гьаруге

Аллагь (عز وجل). Исламияб диналъул нухдаса къосарал ва жидеда дур ццим бахъиги, абадияб рахIматалдаса рикIкIад гьариги тIалъарал гIадамал руго гьел.

**Амин** дуца жаваб гьабе бетIергьан.

Гьаб сурат, жиб кьокъаб бугониги, жиндир магIна цIакъ гъваридаб, кинабго Къуръаналда жаниб бугеб жоялда ишара гьабулеб буго. Гьедин букIиналъ гьелда цIар тана уммул Къуръан абунги (Къуръаналъул эбел).

Гьаб сураталъул хиралъи бицун, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «*ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Инжилалда, Тавраталда, Забуралда ва Къуръаналда жанибги рештIинчIо гьалда релълъараб цоги сурат» - абун.* Ай, хиралъиялъул рахъалъан суратул фатихIалда релъараб цоги сурат гьечIо.

Гьаб сурат хирияб букIин гIеларищ паризаяб какил щибаб вахъун чIеялъулъ гьеб цIалулеб букIинги. Гьедин бугелъул щивав инсанас яхI бахъизе ккола гьаб сурат битIун цIализе ва гьелъул магIна хал гьабун, гьелъул пикру гьабун цIализеги.

Абугьурайратидасан (ра) хIадис бицана: «*Дида авараг ﷺ абулев ругIана: БетIергьан Аллагьас (عز وجل) абула: Как дидаги дир лагъасдаги гьоркьоб кIибикьараб буго (бащад гьабураб буго), ва дир лагъасе гьес гьарарав жо букIине буго. Лагъас, кинабго рецц Аллагьасе бугоян абидал, Аллагьас абула: Дир лагъас дие рецц гьабуна абун. Цингиги лагъас абидал: жиндир гурхIел - цIоб кинабго жоялда щолев - абун, Аллагьас абула: Дир лагъас дун кIодо гьавуна абун. Хадубги лагъас абидал: къиямасеб къоялъул бетIергьан - абун, Аллагьас (عز وجل) абула: Дир лагъас дир къадро-къимат гьабуна, кинабго амруги дида тIамун тана абун.*

*Цинги лагъас абидал: нижеца лагълъи дуе гьабулеб буго ва квер бакъиги дудасан тIалаб гьабула бугоян абун,- Аллагьас абула: Гьаб дидаги лагъасдаги гьоркьоб буго ва дир лагъасе жинца гьарарав жо букIине буго абун. Ахиралдаги лагъас абидал: Дуца ниж жидее иман-исламалъул нигIмат кьурал гIадамазул нухда тIоритIе, жидеде дур ццим бахъарал гурел, жал къосараллъунги гурел абун, ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абула: Гьаб кинабго дир лагъасе буго ва гьесие жинца гьарарав жо букIине бугоян* абун.

Аллагьасе гIабдлъун (лагълъун) вукIиналъул магIна букIунаро цо инсан цоги инсанасул лагълъун вугеб гIадаб. МагIарул мацIалда «ГIабдулагьи»- ялъул магIна гьабуни Аллагь вокьулев ва Аллагьасе вокьулев абун - гьеб рекъела ГIабдуллагьалъе магIналъун букIине. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндие хирияв МухIаммад ﷺ аварагасул бицунаго, гьесда ГIабдуллагьи абун буго чанго аяталда жаниб. Гьелдасан бичIине рекъараб буго ГIабдуллагьлъун (Аллагьасул лагълъун) вукIин тIадегIанаб макъам букIин.

Щуабилеб аят: **«Дуе буго Аллагь нижеца лагълъи гьабулеб ва дудасан буго квербакъи тIалаб гьабулеб»** - гьаб аят цIалулеб мехалъ как балев чи кантIун вукIине ккела жинца абулеб ругIиялъул магIнаялда. «Дуе буго нижеца лагълъи гьабулеб» - абураб мехалъ, кинабго гIибадаталда: как бай, кIал квей, закат-сахI бахъи, садакъа гьаби, дугIа-гьари гьаби ва цогидабги гIемераб жоялда щвей гьабулеб рагIи буго гьеб. Лагълъи гьаби ва гIибадат гьаби цохIо магIна буго. ХIакъикъияб лагълъи цохIо Аллагьасе (عز وجل) гурони букIунаро.

Гьаб магIна бичIчIараб мехалъ ва жиндир иманалъулъги ритIухълъараб мехалъ, бусурманчи кидаго цохIо Аллагьасда (عز وجل) хьул лъолев, гьесда божулев ва гьесдасан хIинкъулев вукIине ккола. Гьедин бугелъул Аллагьас нилъеда малъун буго: «дуе буго нижеца гIибадат гьабулеб» абураб рагIиялда хадуб «Дудасан буго нужеца квербакъи тIалаб гьабулеб» - ян абизе.

Гьадинаб берцинаб, магIна гъваридаб, инсанасе хIажатаб жоялда гьев тIовитIулеб жо буго Аллагьасул (عز وجل) калам. Гьеб Къуръаналъул пикру гьабурав, гьелъул магIна бичIчIарав чи, инша Аллагь, хIакъаб нухде вачIина ва Къуръаналъ малъухъин хьвадила.

Аллагьас (عز وجل) тавпикъ кьеги жив разияб гIамал гьабизе.



سورة البقرة

**Суратул Бакъарати**

Мадинаялда рештIинабураб, жинда жаниб кIинусиялда ункъоялда анкьго аят бугеб.

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ

**I. Алиф, Лам, Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупал сураталъул байбихьиялда лъеялдасан бугеб жиндир мурад. Къуръаналъе тафсир гьабурал гIалимзабазул гIемерисез гьадин абуна суратазул авалалда ругел хIарпазе тафсир гьабун. Цоги рагIи бицарал гIалимзабиги руго. Масала: гьел хIурупал суратала цIар бугин, гьел Аллагьасул (عز وجل) цIаралъул хIурупал ругин. Киннги рекъараб буго гьел хIарпал цIалун ва гьезул хIикмат-мурад цIехечIого, гьелда иман лъун тезе.

**2. Гьаб нилъеца цIалулеб Аллагьасул (عز وجل) калам жаниб хъвараб тIехь, щибго щаклъи гьечIого, Аллагьасдасан хIинкъун,** хIарамаб тун, купру-ширкалдаса цIунун, **тIагIат гьабун хьвадулел муъминзаби жинца тIоритIунеб буго.**

**3. Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзаби руго жидеца гьаибаб жоялда иман лъолел, гьелда божулел. ва жидеца рукугI, сужда камил гьабун, Аллагьасе хIелун как балел ва Дица кьурал нигIматаздаса паризаяб закат-сахIги, суннатаб садакъаги, хъизамалъе напакъаги кьолел.**

Иман лъей абураб рагIиялъул магIна буго цо жо ритIухъ гьаби. ШаргIалда иман лъеялъул магIна буго ракIалъул божигун цадахъ кIалалъ нугIлъи гьаби ва лугбуз гIамал гьаби. Гьаибаб жоялда иман лъеялъул мурад буго кинабниги Аллагьас (عز وجل) ва аварагас ﷺ бицараб, жиб бихьулеб бакIалда гьечIеб жоялда иман лъей. Гьелда гьоркьобе уна бищунго цебе ТIадегIанав Аллагьасда иман лъей, малаикзабада, тIахьазда, аварагзабада, ахир къоялда ва Аллагьасул къадаралда иман лъей. Гьединго алжан, жужахI, хIисаб, мизан, сиратI ва цогидалги умуразда иман лъей.


ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Къуръаналда жаниб какги, боцIи-мал напакъаде кьейги гIемер рехсон буго кIиябго цо-цазда хурхун. Гьелъул хIикматги буго: как бай Аллагьасе ( (عز وجل буго, гьесие гьабулеб гIибадатги буго. Гьелда жаниб Аллагь цо гьави, гьесие рецц гьаби, Аллагь кIодо гьави, гьесда гьари, хIели, Аллагьасда таваккал тIами, мугъчIвай, гьесдаса хIакъаб, битIараб жоялда тIоритIи тIалаб гьабиги буго.

БоцIи, мал напакъаде кьей инсанасул хIакъ буго. Гьелъулъ цо инсанас цогидасе лъикIлъи гьаби буго. Жидее лъикIлъи гьабизе мустахIикъалги жинда напакъа тIадаб агьлу - хъизан буго, хадур гIагарал чагIи, мадугьалзаби, гьудулзаби руго, хадур цогидал бусурбаби руго. Бищун цеве гьавизе кколевги жиндир хIажалъи цIикIкIарав пакъирав, загIипав, гIажизав чи вуго.

**4. Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзаби руго МухIаммад ﷺ, дуда рештIизабураб Къураналда ва мун жиндалъун витIараб диналда иман лъолел ва дуда церехун рукIарал аварагзабада рештIизабураб жоялдаги иман лъолел, ва ахир къо букIинги щибго шаклъи гьечIого жидеда лъан гьелдаги иман лъолел.**

**5. Гьел церехун рехсарал сипатал жидее ругел муъминзаби руго Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан жидее тIоритIел бугел,** жидер рекIелъ иманалъул нурги бугел, жидее хIакъаб жо лъарал муъминзаби.

**Ва гьел руго жидер лъикIлъиялда квершел батаралги.** Дунял - ахираталъул лъикIлъи жидее шварал. Жидеца тIалаб гьабулеб Аллагь (عز وجل) разилъи щварал, гьел жиндаса лъутулеб, хIинкъулеб квешлъиялдасаги хвасарлъарал.




**6. ХIакълъунго, Аллагьасул аятаздаги, МухIаммад ﷺ авараг вукIиналдаги инкар ккурал гIадамал, гьезие щибго батIалъи гьечIо дуца Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьуниги, хIинкъи кьечIого жалго таниги: гьез иман лъоларо ва мун жиндалъун вачIараб дин ритIухъ гьабуларо.** Гьедин бугелъул дур хьул лъоге гьез иман лъелин абун ва дур ракIги къварилъуге гьез мун ритIухъ гьавичIин абун. Щайха гьез иман лъолареб абуни:

**7. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьезул ракIазда мугьро (печать) чIвана:** гьел ракIазда жаниб иманалъул нур лъугьунаро.

**Ва гьезул гIундуздаги мугьро чIвана, беразда тIад тIалъелги буго: гьел рацун, ручIун гьезда жо ргIизе ва бихьизе толареб. Ва гьезие ахираталда гучаб гIазаб букIине буго:** жиб нахъасан къотIуларе ва тIаса босунареб, гьез иман лъезе инкар кквей сабаблъун ва Аллагьасул (**عز وجل**) аятал гьереси гьари сабаблъунги.

**8. ГIадамаздаса цо къокъа буго жидеца абулел нижеца Аллагьасда (عز وجل) иман лъунин ва ахир къиямасеб къоялдаги иман лъунин абун, ва амма гьел жидеца иман лъурал гьечIо.**

**9. ТIадегIанав Аллагьги (عز وجل) муъминзабиги гуккунаян руго гьел. Амма гьез жидерго напсал гуккунел руго ва гьезда гьаб хIукму гьадин букIинги лъалеб гьечIо.**

**I0. Гьезул ракIазулъ унти буго** (шаклъи буго) **ва Аллагьас гьезул шаклъи цIикIкIинабула** нифакъ цIикIкIинабун**. Ахираталда гьезие цIакъ жинца унтинабулеб гIазаб букIине буго гьезул гьересиялда данде.**

**II. Гьел мунафикъазда абураб мехалъ** Аллагьасде (**عز وجل**) гIасилъун, купро ширк гьабун, **ракьалда пасалъи гьабугеян абун, гьез абулеб буго ниж пасалъи гьабулел гьечIин, ниж ругин лъикIлъи гьабулел чагIи абун.**

**I2. Нужеда лъай гьел ракьалда пасалъи гьабулел рукIин ва амма жидерго ахIмакълъиялъ гьезда гьеб лъалеб гьечIо.**


**I3. Гьел мунафикъазда абидал, нужеца иман лъе гьал цогидал гIадамаз иман лъураб гIадин абун:** жиндилъ шаклъи гьечIеб, нифакъги рияъги гьечIеб. *(рияъ абула гIадамал разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабиялда).* **Гьез абулеб буго: Гьел ахIмакъал, гIодорегIанал гIадамаз гIадинищ нижеца иман лъолеб?- абун.** (ра) асхIабзаби рукIана гьез ахIмакъал чагIилъун рикIкIунел: гьезда гьоркьор лагъзал, мискинал, пакъирал гIадамал рукIиналъ. Гьедин бугелъул Аллагьасги (عز وجل) абуна:

**«Нуж кантIе гIадамал! Гьал мунапикъзаби руго хIакъикъиял ахIмакъзаби ва гьезда гьедин рукIинги лъалеб гьечIо»**-абун. Бищунго инсанасул ахъмакълъи загьирлъулеб бакI буго гьесда жиндир макъам, къадру, гIелму, гьунар лъачIеб заман.

**I4. Иман лъурал гIадамал жидеда аскIор ккедал гьез абула нижги нужгогIадал муъминзаби ругин абун. Цинги жидер щайтIабазда:** ягьудиязул гIалимзабада ва купру-ширкалъул кIудиязда **данделъараб мехалъ, гьез абула: ниж руго нужгун цадахъ ругел. Дол муъминзаби махсароде гьарун абула нижеца,** долгун данделъараб мехалъ **нижги муъминзаби ругин абун.**

**I5. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго гьел мунапикъал махсароде гьарулев ва гьел жидер къосиналъулъ халат гьарулевги, гьезда хIакъаб жоги лъаларого бугеб хIалалъ.**

**I6. Гьел нипакъ гьабулел гIадамал руго жидеца Аллагьасул рахъалъан бугеб тIоритIелги бичун, гьелъухъ къосин, купру босарал. Гьазул гьаб дарам хайир гьечIеб буго ва гьал гIадамалги хIакъаб жоялда гьечIо.** Гьаздаса дунялалъул ва ахираталъул кIиябго лъикIлъи борчIун ун буго. Иманги бичун куру боси, ва гьеб гIодобегIанаб купруялъухъ ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) тIоритIел кьей,- гьаб цIакъ ахIмакъал чагIазул дарам буго.




**I7. Жидер ахIмакълъиялъулъ гьал релъун руго бецIаб сардилъ цIа бакарал гIадамазда. Цинги гьеб цIаялъ жидеда сверухъ бугеб жо бихьизе гIагарлъараб мехалъ** ва жидее хинлъи щведал, хIинкъиги тIаса индал**, Аллагьас гьеб цIа свинабураб ва щибго жо бихьулареб бецIлъиялъулъ жал тарал.**

Гьез бакараб цIа букIана Аллагьас (عز وجل) гьезие кьураб тIоритIел, ва амма гьел гьеб тIоритIелги тун купруялде руссиндал, гьел цIакъ гучIаб бецIлъукье ккана: нипакъалъул, шакдариялъул, купруялъул бецIлъи буго гьеб.

**I8. Цинги гьел гIинкъал лъугьана,** жидеда хIакъаб жо ргIуларел**, мацI лъаларел, кIалъазе кIоларелги лъугьана** жидеда щибго лъикIаб ргIи абизе лъаларел. **Беццалги лъугьана:** къосиналъул беццлъи буго гьеб ва жидер ракIазул беццлъиги буго.

**Цинги жал гьаб къосараб, гьалаглъараб хIалалдаса хIакъаб нухдеги руссуларо.**

**I9.** Цоги мисал буго гьел мунапикъазул **зодисан чвахун балеб цIадалда релъълъун: жибгун цадахъ гьуриги пириги, гъугъуйги бугеб ва гучаб бецIлъиги бугеб. Кутакаб хIинкъи рекIелъе рехун, жидеца гIинзунир килщал къазарунел; пири речIун гьалаглъилин хIинкъун,** ва гьабизе жо тIагIун, гьел гIундул руччани жал хвасарлъилин ракIалда ккун. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гьел капурзабада сверун лъугьарав вуго:** кинабго рахъалъан гьел рихьунев, гьезул хIал лъалев вуго ва гьесул гIазабалдаса гьел рорчIунаро.

**20. Пири пирхараб мехалъ гьелъ жал беццлъизаризе гIагарлъула. Гьеб пири пирхун гвангъи рехараб мехалъ, гьеб канлъиялъулъ гьел церехун уна. Цингиги бецIлъараб мехалъ жал чIола**: нух бихьуларого ва квешаб бакIалда ккеялда хIинкъун. **БетIергьан Аллагьасе (عز وجل) бокьани гьезул канлъиги ргIиги инабилаан. ХIакълъунго Аллагъ кинабго жоялда хIал кIолев вуго.**


**2I. Я гьал гIадамал! Нужеца гIибадат гьабе нужер БетIергьанасе, жинца нуж рижарав ва нужеда цересел умматалги рижарав, нуж Аллагьасдаса хIинкъарал ва рохел-талихIалда квершел батарздаса рукIине.**

**22.** Гьев БетIергьан Аллагь вуго жиндие гIибадат гьабизе тIадав: **жинца нужее ракь тIибитIарав тамахаб босен гIадин,** гьелда тIад нужеего бокьараб жо гьабизе кIолеб хIалалъ. **Нужеда тIад зобги борхарав, рукъалъул тIохалда релъун. Цинги зодисан цIадги рештIинабурав, гьеб цIадалдалъун нужее ризкъилъун пихъалги рижинарурав,** цогидаб хур-хер ва нуж жинда хIажалъулеб жоги бижинабурав. Гьаб амру гьадин бугелъул, **гьев Аллагьгун цадахъ жиндие гIибадат гьабизе щибго жо ккоге:** хъанчал ругониги, гIадамал ва малайкзаби ругониги - **нужеда лъалебги букIадго** нужер БетIергьан Аллагь (**عز وجل**) вукIин ва гьел мушриказ алагьзабилъун кколел жал жалго Аллагьасда ( **عز وجل**) хIажатал рукIин.

**23. Нуж шаклъулел ратани дица дир лагъасда рештIараб Къуръаналъулъ, нуж рачIаха гьелъул цо сураталда релъараб жоялдалъун.** Гьеб жо гьабизе, ургъине, **нужер кумек чагIиги ахIе Аллагь тун цогидал, нуж ритIарал ратани аварагасдаги ﷺ Къуръаналдаги гьабулеб дагIбаялъулъ.**

**24. Цинги нужеца гьеб жо гьабичIони: абадиялъго нужеца гьебги гьабуларо** гьанже яги хадуб заманаялъ, **нуж жужахIалъул цIаялдаса хIинкъа ва нуж гьенир ккеялдаса цIуне. Гьеб цIаги гIадамазул чурхдуздалъун ва ганчIаздалъун жиб боркьунеб, капурал гIадамазе жибги хIадурун бугеб.** Гьеб цIа жидедалъун боркьулеб ва гьелъул бухIи цIикIунеб жо буго Аллагьасда инкар ккурал капурзабазул чурхдулги ва гьез Аллагьги (**عز وجل**) тун жидее лагълъи гьабурал хъанчалги: гамчIил, цIулал ва цоги жоялъул жал гьарурал.

Цо гIалимзабаз абуна гьел ганчIал ругин кибриталъул (сурма, фосфор), мугIрул гIадин чIахIиял, жал роркьраб мехалъ багIари гучал, махIги инжитаб.


الجزء الأول — سورة البقرة

وَبَشِّرِ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ أَنَّ لَهُمْ جَنَّٰتٍ
تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ ۖ كُلَّمَا رُزِقُوا۟ مِنْهَا مِن ثَمَرَةٍ
رِّزْقًا قَالُوا۟ هَٰذَا ٱلَّذِى رُزِقْنَا مِن قَبْلُ ۖ وَأُتُوا۟ بِهِۦ مُتَشَٰبِهًا ۖ
وَلَهُمْ فِيهَآ أَزْوَٰجٌ مُّطَهَّرَةٌ ۖ وَهُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٢٥﴾ إِنَّ
ٱللَّهَ لَا يَسْتَحْىِۦٓ أَن يَضْرِبَ مَثَلًا مَّا بَعُوضَةً فَمَا فَوْقَهَا ۚ فَأَمَّا
ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ فَيَعْلَمُونَ أَنَّهُ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّهِمْ ۖ وَأَمَّا
ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فَيَقُولُونَ مَاذَآ أَرَادَ ٱللَّهُ بِهَٰذَا مَثَلًا ۘ
يُضِلُّ بِهِۦ كَثِيرًا وَيَهْدِى بِهِۦ كَثِيرًا ۚ وَمَا يُضِلُّ بِهِۦٓ
إِلَّا ٱلْفَٰسِقِينَ ﴿٢٦﴾ ٱلَّذِينَ يَنقُضُونَ عَهْدَ ٱللَّهِ مِنۢ بَعْدِ
مِيثَٰقِهِۦ ۚ وَيَقْطَعُونَ مَآ أَمَرَ ٱللَّهُ بِهِۦٓ أَن يُوصَلَ وَيُفْسِدُونَ
فِى ٱلْأَرْضِ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلْخَٰسِرُونَ ﴿٢٧﴾ كَيْفَ
تَكْفُرُونَ بِٱللَّهِ وَكُنتُمْ أَمْوَٰتًا فَأَحْيَٰكُمْ ۖ ثُمَّ يُمِيتُكُمْ
ثُمَّ يُحْيِيكُمْ ثُمَّ إِلَيْهِ تُرْجَعُونَ ﴿٢٨﴾ هُوَ ٱلَّذِى خَلَقَ
لَكُم مَّا فِى ٱلْأَرْضِ جَمِيعًا ثُمَّ ٱسْتَوَىٰٓ إِلَى ٱلسَّمَآءِ
فَسَوَّىٰهُنَّ سَبْعَ سَمَٰوَٰتٍ ۚ وَهُوَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٢٩﴾

٥

**25. Жидеца иман лъурал, лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамазда дуца рохел бице МухIаммад ﷺ: гьезие хIадурун алжаналъул ахал ругин, жанир гIорал чвахулел** (рахьдал, жадул, гьацIил, лъималъул гIорал). **Жидее гьеб алжаналда ругел батIи-батIиял пихъаздасан цо пихъ кьураб мехалъ, гьез абула гьаб пихъ бугин нижее цебеги кьун букIараб абун, гьезие пихъ кьола цоцаде релъинаб бугин кколеб. Гьел муъминзабазе алжаналда жанир жал рацIцIадал руччабиги руго, гьел даимго гьеб алжаналда рукIине руго.**

Муъминзаби алжаналда даималъго рукIуна абураб ргIиялъул магIна буго: гьезие гьал киналго нигIматал ва руччаби рукIингун цадахъ, хадуб щибниги жоялъул ургъел, кIвар букIунаро, рахIаталда хIалхьиялда рукIуна ва гьеб рахIат хIалхьиялъе нахъасан къотIиги гьечIо. Гьаб буго унго-унгояб сагIадат (бахьи буголъи). Аллагьас нилъее гьеб ризкъилъун гьабеги. Амин

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Къуръаналда жаниб мисал бачун кIкIараялъул, тIутIалъул, гIанкабуталъул, наялъул цIар бахъидал, ягьудиял гьелда тIад релъанхъана ва гьез абуна: «гьаб жо Аллагьасул каламищ бугеб? Гьал къабихIал жалги рехсон гьев Аллагьасе щиб жо бокьараб?» - абун. Гьезул шаклъи хвезабун ва гIисинал, хIакъирал жалазул бицунин абун Къуръаналъул мугIжизат холареблъи баян гьабун, Аллагьас (عز وجل) абуна:

**26. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нахъчIваларо жинца мисал бачун кIкIара рехсеялдаса, гьелдаса кIудияб, яги гьитIинаб жо рехсеялдаса. Жидеца иман лъуразда лъала гьеб мисал бачи БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб хIакъаб жо букIин. Амма Аллагьасда (عز وجل) ва Къуръаналда инкар кколез абула щиб жо бокьараб Аллагьасе гьадинаб гIисинаб, хIакъираб жоялдалъун мисал бачияллдалъун абун. Гьеб мисал бачиналъ гIемерал капурзаби къосинарула:** гьелда иман лъечIого жидер къосин цIикIун. **ГIемерал муъмизабазул иман цIикIкIун, гьел жегиги хIакъаб жоялда тIоритIуна. Гьел мисалаз къосинаруларо пасикъал, мунапикъал гIадамал гурони;** Аллагьасе мутIигIлъиялдаса рахъарал, жидеца гьесул аятазда инкарги кколел.

**27. Гьел фасикъзаби руго жидеца ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) гьарурал къотIаби хвезарулел, гьаял гьедун гьел къотIаби щула гьарун хадурги. Ва жидеда Аллагьас (عز وجل) щула гьабе ва къотIинабуге абураб гурхIел-рахIмоялъул рухьенги къотIинабулел. Жидеца ракьалда тIад пасалъиги гьабулел. Гьал гIадамал руго жал ахираталда чIорого хутIарал ва дараналъулъ къарал:**

**28. Нужеца кин Аллагьасда инкар кколеб, нуж щибго жо гьечIеб, хвараб жолъун рукIарал Аллагьас (عز وجل) чIаго гьарунги рукIадго. Хадурги Аллагьас нуж хвезаризе руго ва ахираталда чIаго гьарун тIаде рахъинаризе руго, хIисаб ва жазаъ гьабизе. Ва нужер ахираб руссиги Аллагьасде буго.**


**29. Гьев БетIергьан Аллагь вуго** хун хаду нуж чIаго гьаризесев **гьаб ракьалда тIад бугеб щинаб жо нужеца мунпагIат босулеблъун бижарав,** гьелъул пикру гьабизе ва нуж рижарав, нужее ризкъи кьолев Аллагьасда (**عز وجل**) иман лъезе.

**Цинги БетIергьанасе зобал гьари бокьана** (жинца зобал рижизе къасд гьабуна) **ва жинца гьел анкьго зоблъун гьаруна:** жал рорхатал, щулиял, жидеда жаниб инсан хадув гъоларел гIемер батIиял гIаламатал ругел. Гьаб кинабго жо бижин Аллагьасул (عز وجل) къудраталда тIоритIел гьабулеб далил буго.

**Ва гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) кинабго жо жинда лъалев вуго.** Гьаб кинабго махлукъ бижизе ва гьелъул тадбир гьабизе хIал кIолев Аллагьасе нуж хун хадур тIаде рахъизари бигьаябго жо гьечIищха, я гьал шакдарулел гIадамал!

ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерида бициндал (гьел кантIизе ва иман лъезе) жинца гьел рижун рукIин ва гьезие ризкъиги кьун букIин, кинабго ракьалда тIад бугеб жо гьезие квегъун букIинги, гьелда хадуб Аллагьас бицана гьезул эмен Адамил къиса, гьесул хиралъиги:

эмен хиралъи лъимал хиралъи букIунелъул.




**30**. Дуца умматалда бице МухIаммад ﷺ, **дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) малаикзабада абураб рагIи: хIакълъунго дица ракьалда тIад халифа гьавине вуго. Малаикзабаца абуна: «Дуца гьеб ракьалда пасалъиги гьабулел биялги гIодоре тIолел (цояз цоял чIвалел) гIадамал рижизейщ ругел? Ниж руго дуе тасбихI гьабулел, дуе рецци гьабулел ва мун вацIадги гьавулел» - абун. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: «Дида лъала нужеда лъалареб жо** ва дица гьабулеб жоялъул хIикмат» - абун.

**3I. Цинги БетIергьан Аллагьас (عز وجل) Адамида (гIв) киналго цIарал лъазаруна:** щибаб жоялъул цIар лъазабуна, жиндалъун гIадамал цоцазда кIалъазе ва цоцазда ричIчIине. **Цинги Аллагьас (عز وجل) гьел жидеда цIарал лъурал жал малаикзабада рихьиуаруна ва гьезда абуна: гьанже нужеца дида гьазул цIарал рицеха, гьел цIарал нужеда лъалел ратани, ва нуж ритIаралги ратани** ракьалда халифалъун рукIине нуж мустахIикъал ругин абураб рагIиялъулъ абун.

**32.** Малаикзаби **гIажизлъана гьезул цIарал лъаялдаса ва гьез абуна: «Мун вацIцIадав вуго Аллагь (عز وجل). Нижее щибго жоялъул лъай гьечIо, дуца нижеда лъазабураб жоялъул гурони. ХIакълъунго мун вуго БутIергьан, кинабго жо дуда лъалев ва гьелъул хIикматги лъалев» - абун.**

**33. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: «Я Адам (гIв) дуца бице гьел малаикзабада гьал жалазул цIарал» - абун. Адамица гьезул цIарал рицараб мехалъ, Аллагьас (عز وجل) малаикзабаде абуна: «Дица нужеда абун букIана гуришц дида лъалин зобал ракьазда жаниб бугеб гъаибаб, нужеда жиб лъалареб жо ва дида лъалин нужеца загьиралда гьабулеб гIамалги, гьединго рекIелъ бахчараб нужер хиялги» -абун.**


**34. Цинги дица малаикзабада абураб гIужги бице МухIаммад ﷺ, дур умматалда, нужеца Адамие (гIв) сужда гьабеян абун:** гьесие салам гьабун ва гьев кIодо гьавун: нужеда лъалареб гIелму гьесул батидал. Гьесие гIибадат гьабун сужда гьабе абураб магIна гуро гьаб. **Киналго малаикзабаз Адамие сужда гьабуна, цохIо иблисалъ хутIинегIан:** Гьеб женазул эмен буго, Адам гIадамазул эмен вугев гIадин. Аллагьас (عز وجل) гьаб амру гьабулеб мехалъ гьеб малаикзабада гъоркьоб букIана ва гьеб амру гьелъдаги щвей гьабулеб букIана. **Гьеб сужда гьабизе чухIана ва амру тIубазе нахъчIвана.** Гьединлъидал Аллагьасул амруялда инкар ккураздаса буголъана: **Аллагьасул къадимияб** (цебесеб, жиндир авал гьечIеб) **лъаялъулъ букIана гьеб иблис капураздаса букIин ва гьаб амру тIубачIого чIун загьиралдаги гьеб капураздаса лъугьана.**

**35.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Ва Дицаги абуна: Я Адам! Мунги дур чIужу ХIаваги алжаналда жанир чIа ва нужеца алжаналъул нигIматалги кванай нужеего бокьараб бакIалдаса, нужее хIалалаллъун ва гIемераллъун ругел. Амма нуж гьаб гъветIалда аскIорго къаге ва гьелдаса кванаге, нагагь гьелдаса кванани нуж нужер нафсазе зулмо гьабураллъун рукIуна» - абун** Аллагьасда гIасилъун ва гьесул гIадлулъун бугеб тамихI нужеда щун.

**36. Цинги шайтIаналъ** (иблисалъ) **гьел кIиялго алжаналдаса хъуштIинаруна: гьел къватIир рахъинаруна алжаналъул нигIматаздаса:** рахIатаб, лазатаб гьабизе щибго хIалтIи пиша гьечIеб

рукъосан къватIир гъуна. **Ва дица гьездаги абуна: нуж гьанисан гIодоре рештIа, нуж цоял цоязе тушбаби рукIине руго.** Адамилги ХIавалги наслу-тухум цоцалъ хIал рекъоларел рукIине руго. **Нужее ракьалда магIишат гьабун гIумру гьабизе бакI буго ва нужер ажал** (гIумру) **лъугьинегIан хIажалъулеб жоги буго – абун.**

**37. Цинги Адамида Аллагьасул рахъалъан илгьам гьабун** (ракIалда рехун) **жинца Аллагьасда гьарун абизе кколел ргIаби рачIана. Гьел ргIабаздалъунги Адамица Аллагьасда гьарана. Гьелда хадуб БетIергьанас Адамил тавбо къабул гьабуна. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (** عز وجل**) гIемер тавбо къабул гьабулев вуго, жив лагъзадерида гурхIуневги вуго.**




**38. Дица абуна: нуж киналго (**ай Адамги ХIаваги ва гьезул букIинесеб зуриятги) **гьаб алжаналдаса ракьалда рештIа! Нужехъе дир рахъалъан тIоритIел бачIараб мехалъ:** авараг вачIараб мехалъ ва тIехьги рештIараб мехалъ: **гьеб дир тIоритIелалда нахъерилълъарал гIадамазе ахираталда щибго хIинкъи букIине гьечIо ва гьел пашманлъизе гьечIо.**

**39. Ва амма** жидехъ авараг вачIун ва тIехьги рештIун хадуб **жидеца инкар ккурал ва дир аяталги гьереси гьарурал гIадамал, гьел жужахIалъул агьло руго: жал даимго гьеб жужахIалда рукIунелги руго.**

**40.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Я Исраилил лъимал! Нужер ракIалда букIа ва нужеца пикро гьабе дица кьурал нигIматазул. Ва нужеца дие гьабураб къотIиги тIубазабе, дица нужее гьабураб къотIиги тIубазабизе буго. гьеб къотIи хвезабизе, цогидалги гIасилъаби гьаризе нуж дидаса хIинкъа -** абун. Бануисраил абула киналго ягъудиязда. «Исраил» абураб ргIиялъул магIна буго «Аллагьасул лагъ» абун. Гьеб цIарги жинда свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул вас ЯгIкъубида лъураб цIар буго.

**4I. Ва нужеца иманги лъе, нуж нахърилълъа дица рештIизабураб Къуръаналда, нужехъ бугеб тавратги жинца ритIухъ гьабулеб. Нуж гьеб Къуръаналда инкар кколезул тIоцереселлъун рукIунге. Дир хIакъаб Къуръаналъул аяталги рахчун, Дир аварагасда иманги лъечIого, дунялалъул бечелъи ва кIодолъи бичун босуге, цIакъ дагьаб жо буго кинабго дунялалъул бечелъи**: Къуръанги, ахиратги реххун тун гьеб тIалаб гьабуге**. Ва** гьаб хIакъаб дин босичIого, гьеб бахчун хьвадизе **нуж дир гIазабалдаса хIинкъа**.

**42. Нужеца хIакъаб исламияб дин жубазабуге батIулаб ягьудиязул ва насраниязул диналда.** Гьереси битIараб ргIиялда жубазабуге ва хIакъаб жо батIулалда жубазабуге. **Нужеца хIакъаб жоги бахчуге гIадамаздаса: гьеб хIакъаб букIин нужеда лъалебги букIадго** ва гьеб бахчиялдалъун гIадамазе кколеб заралги лъалеб букIадго.

**43**. гьеб ахIмакъаб пишаги тун, хIакъав авараг ритIухъ гьавун нуж гьесда нахърилълъа**, ва нужеца гьев авараггун, гьесул асхIабзабигун цадахъ как бай, ва паризаяб закатги кье ва как балелгун цадахъ нужеца какалги рай**.

**44. Нужеца гIадамазда амруйщ гьабулеб лъикIаб гIамал гьабеян абун, нужеда нужгоги кIочIон рукIун** ва нужецаго лъикIаб гIамалги гьабичIого. **Нуж тIехь цIализеги лъалел, гIелмуги бугел рукIингун цадахъ** щай гьабулеб мекъаб иш. **Нужеда щай бичIунареб гьеб иш къабихIаб букIин** ва нуж гьелдасан кин руссунарел?

**45.** Аллагь (عز وجل) разилъиги ахиратги щвезе бокьун батани, **гьеб щвеялъе квербакъи тIалаб гьабе Аллагьасе тIагIат-гIибадат гьабиялда тIад чIун,** гьесда гIасилъиялдаса цIунун ва гьеб гIамал гьабиялъулъ сабруги гьабун, яхIги баччун. **Паризаял какал хIукъукъал цIунун раялдалъунги квербакъи гьабе Аллагь разилъи щвеялда. Гьаб амруялда нахърилълъинги ва паризаяб как баялда тIад чIейги мунафикъзабазе, иман загIипал чагIазе цIакъ бакIаб жо буго. Ва амма**


**Аллагьасе (عز وجل) хIелун гьесие мутIигIлъун, гIодовегIанлъун тIагIат гьабулезе захIматаб гьечIо гьаб амру.**

**46. Аллагьасе (عز وجل) хIелун рукIунел муъминзаби руго ахираталда БетIергьанасда данде чIвазе рукIин жидеда лъалел, ва щибго шаклъи гьечIого жал Аллагьасде руссине рукIинги лъалел.**

**47.** ТIадегIанав (عز وجل) Аллагьас ягьудиязда гьезул ццере арал умумузе кьурал нигIматал рицун вагIза гьабун абулеб буго: **Я бануисраилал! Нужеда ракIалда букIа ва нужеца пикруги гьабе дица нужее кьурал нигIматазул. Ва дица нужер умумул хира гьаруна гьеб заманалъул цогидал гIадамаздаса.**

**48. Ва нуж Аллагьасда (عز وجل) гIасилъизе хIинкъа, цо напсалъе цоги напсалъ щибго хайир гьабулареб, гьезул цоцазе гьабулеб шапагIатги къабул гьабулареб къиямасеб къоялъул гIазабалдаса хIинкъун. Гьеб напсалъ кигIан гIемер боцIи-мал кьела абуниги гьебги босулареб, гьезие квербакъулев щивго чиги гьечIеб.**

Гьаб яат ягьудазул хIакъалъулъ буго. Ва амма Аллагьасул изнуялдалъун муъминзабазе ахираталда шафагIат гьабула хирияв аварагас, гьединго Аллагь разиял муъминзабазги.




**49. Нужеца ракIалде щвезабе дица нуж пиргIавнил къавмалдаса хвасар гьаруруб гIуж ва гьелдаса вагIза-насихIат босе: нужее квешаб гIазаб гьабулел рукIарал, жидеца нужер васалги хъолел рукIарал ва нужер ясалги чIаго толел рукIарал** жидее хъулухъ гьабизе лагъзаллъун кквезе. **Гьеб пиргIавнил къавмалъ нужее гьабулеб букIараб къварилъиги нужер БетIергьанасул рахъалъан бугеб кIудияб хIалбихьи букIана.**

**50. Цинги Дица нужее ралъад хъвалхьараб гIужги ракIалде щвезабе. Дица нуж гьеб ралъдалъан къватIир рачун хвасар гьаруна пиргIавнил зулмуялдаса. Ва балагьун нужгун пиргIавнги гьесул къавмги гьеб ралъдалъ гьанкъинаруна.** Гьаб къо мухIарам моцIалъул анцIабилеб къо букIана, гьеб къо кIодо гьабун ягьудияз кIал кколеб батана аварагасда ﷺ жив Мадиналде щведал. Муса кIодо гьавизе нужедасаги ниж хIакъал руго абун, аварагас ﷺ гьеб къоялъ кIал ккуна ва гьеб нилъееги сунат буго.

**5I.** Цогиги нужеца ракIалде щвезабе **дица Мусае (гIв) кIикъого къо къотIи гьабураб заман,** гьесухъе таврат кьезе. **Цинги Муса авараг Аллагьас (عز وجل) ахIун ТIурсайнаъ магIарда индал, нужеца бече Аллагьлъун ккуна:** нужее Самирияс гIарац-месед биун, нужедаги бихьун гьабураб. **Нуж гьеб гIамалалдалъун Аллагьасул амруялдаса рахъана ва нужерго напсазе зулмо гьабураллъун лъугьана.**

**52. Цинги дица нуж тIаса лъугьун тана ва нужее гIазаб гьабичIо гьеб къабихIаб, гIодобегIанаб пишаялда данде; нужеца дир нигIматазе щукро гьабизе бокьун** ва иманалда чIезеги бокьун.

**53. Мусахъе (гIв) Дица таврат кьураб гIужги ракIалде щвезабе, хIакъабги батIулабги жо жинца батIа гьабулеб**, битIараб нухги къосинги баян гьабулеб тIехь кьураб. **Нужее вагIзалъун букIине ва нуж хIакъаб диналда тIоритIунги рукIине.**

**54. Цинги Муса (гIв) аварагас къавмалда абураб гIуж ракIалда щвезабе: «Я дир къавм! Нужеца нужерго напсазе зулму гьабуна, жиндие лагъллъи гьабизе бечеги ккун, Аллагьги (عز وجل) кIочон тун. Гьанже нужеца тавбо гьабе жинца нуж рижарав БетIергьанасе,** гьев кIочон, гьесул нигIматалги кIочон нуж гIасилъиялдаса. Гьеб тавбоги **нужерго напсал чIваялда жаниб буго. Гьедин тавбо гьаби нужее лъикIаб буго нужер БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) аскIоб. Нуж гьесул амруялда мутIигIаллъун рукIина** ва ахираталда гьесул гIазабалдаса хвасарлъила. Нуж товбо гьабун


цояз цоял чIваялда ана, ва **Аллагьас нужер тавбо къабул гьабуна. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинца тавбо къабул гьабулев, цIакъ гурхIулев вуго.**

**55. Нужеца** (ай нужер умумуз) **Муса (гIв) аварагасда абураб заман ракIалда щвезабе:** гьевгун цадахъ ТIурсайналда къавмалда тIаса рищарал лъикIал чагIазул лъабкъоялда анцIго чи араб мехалъ: **«Я Муса! Нижеца дуда тIубанго иман лъоларо, нижеда загьирго Аллагь (عز وجل) вихьинегIан» - абун. Цинги нуж гучаб гьаракьалъ ва цIаялъ гьалаг гьаруна, гьеб цIа бачIиналда ва нужеда гIазаб рештIиналда нужги балагьун рукIадго.**

**56. Цинги нуж чIаго гьаруна гьедин хвезарун хадубги, нужеца БетIергьан Аллагьасе шукру гьабизе бокьун.**

**57**. Нуж Тигь абулеб ракьалда кIикъого соналъ сверулел хутIун, бакъуца рухIун, ракъун, къечон ругеб мехалъ **Дица нужее рагIадалъе накIкI гьабуна ва зодисан манна ва салва рештIана. Нужедаги абуна дица нужее ризкъилъун кьураб лъикIаб тIагIам кванай абун. Дица нужее зулму гьабичIо, кинниги нуж рукIана нужеего зулму гьабураллъун.**

«Манна» абулеб квен хъахIаб гьуинаб гьоцIо гIадаб жо букIана: щибаб радал гъутIбузда, хералда рештIунаан гьеб. «Салва» абулеб жоги хIанчIазул гьан буго. Радал щивав чияс сордо-къоялъе гIезегIанаб жо босулаан гьеб кIиябго квеналдаса.




**58. Дица гьел умумузда абураб гIуж рехсе нужеца: нуж гьаб росолъе лъугьа, нужее гьеб ватIанлъун букIине**.

**Нужеца гьенир ругел нигIматалги кванай нужеего бокьараб бакIалдаса, нужее гьеб квен хIалалаб ва бигьаяб бугеб хIалалъ. Росолъе лъугьунаго нуж гьелъул рагьдухъан лъугьа Аллагьасе (عز وجل) хIелун, бетIер гIодобе къулун,** Тигь ракьалдасан къватIире рачIиналъе шукро гьабун.

**Ва нужецаги абе: «нижер мунагьал чуре Аллагь (عز وجل), нижер хатIаал тIасан реххун те Аллагь»- абун. Дица нужер мунагьал чурила, ва жидер гIамал лъикIго бацIадазе ажро кириги цIикIкIинабилаян.**

Гьаб Аллагьасул амруги хвезабун гьел росолъе лъугьана бетIер зодобе борхун, ва нахъ-нахъ рохокъотIода хъурщун.


**59. Ва амма иман гьечIел, напсазе зулмо гьабулел гIадамаз гьезда абураб рагIи хисизабуна «**Нижер мунагьал чуре Аллагь» абураб рагIи хисизабуна жидеда абеян абичIеб цоги рагIиялдалъун, **Аллагьасул (عز وجل) амру гIодобегIан гьабун ва ЮшагI (гIв) махсароде гьавун. Цинги гьел зулму гьабурал гIадамазда дица зодисан квешаб балагь рештIинабуна, гьез гьабураб пасикъаб ишалъе гIоло: гьел Аллагьасда гIасилъиялъе гIоло, ва гьесда мутIигIлъиялдаса рахъиналъе гIологи.** ГIалимзабаз абуна: квешаб унти баккун цохIо къоялда жанив лъабкъоялда анцIазар чи хвана гьезул абун.

**60.** ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) абулеб буго: **«Нужеца ракIалда щвезабе Тигь абураб ракьалда свердулаго нужер умумул къечIалъ гьалаг гьарураб гIуж** ва жинда салам лъеяв Мусаца Аллагьасда (عز وجل) гьарараб гьеб къавмалъе гьекъезе лъим кьеян абун. **Цинги Дица Мусада абуна: «дуца дур гIанса цо кинаб бугониги гамачIалда кьабе, гьелдаса нужее лъим баккине буго, Дир къудраталдалъун ва дуе мугIжизатлъун» - абун.** БетIергьанас малъухъин Мусаца (гIв) гIанса кьабуна **ва гьеб гамачIалдаса чвахун лъим баккана. АнцIила кIиго иццул лъим гIадин бикь-бикьун чвахана гьеб лъим:** гьел бануисраилазул анцIила кIиго къокъа-кьибил букIана ва щибаб къокъаялъе цо-цо ицц гьабуна**. Ва гьезда лъана жидер лъим.** Цо-цалъ къецандичIого щибаб къавмалъ лъималдаса мунфагIат босизе гIоло гьабуна гьезие анцIила кIиго ицц. БетIергьан Аллагьас (عز وجل) гьезда абуна: **Нужеца дир ризкъиялдаса кванай ва нужеца гьаб лъимги гьекъе щибго нужеда**

**гIакъуба-захIмат бихьичIого, чIобого кьолеб буго гьеб. Гьадин рахIаталда хьихьун ругелъул, гьаб ракьалда тIад пасалъи, зулму гьабун хьвадугеян абун.**

**6I. Ва гьелдаги тIаде нужер умумуз абураб гIуж ракIалда щвезабе** доб Тигьалда жал рукIадго: **Я Муса! нижеца сабро гьабуларо гьаб цого тIагIамги кванан,** нижее гьеб чIалгIун буго ва рихун буго. **Дуца дур БетIергьанасда ахIи бай нижее ракьалдаса битIи-батIиял нигIматал раккинареян: ламадор, памидор, охцер гIадаб, хъарбуз пастIан гIадаб, ражи-пер гIадаб, тIепало багIар гьоло гIадаб - абун. Муса (гIв) аварагас гьезда абуна: «нужеца Аллагьас зодисан рештIараб лъикIаб тIагIамги тун ракьулъан бижулеб ражи-пер гIадаб жойищха тIалаб гьабулеб бугеб! Гьедин батани нуж цо бокьараб росулъе лъугьа ва гьенир гIумро гьабун чIа. Гьениб батизе буго нужеда нужеца тIалаб гьабулеб жо» - абун. Цинги гьел ягьудиязда тIад мугьругIадин мискинлъи ва гIодогIанлъи чIвана. (**ай гьезда тIад чIчIана гьеб сипат ва даимго гьеб сипат тIаса унарел руго, кигIан жал бечелъаниги ва ханзаби, хIакимзаби ругониги). **Аллагьасул (**عز وجل**) ццим бахъараллъунги лъугьуна гьел.** Гьаб гIодобегIанлъи, хIакъирлъи ва Аллагьасул ццим бахъи гьезие щвана **гьез Аллагьасул (**عز وجل**) аятазда инкар кквеялдалъун ва щибго гIиллаго гьечIого аварагзаби (гIв) чIван рукIиналдалъун. Гьединго гьез ракьалда гIемер зулму-пасалъи гьабиялъги.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Кибро (чухIи, гIамал кIодолъи) буго хIакъаб жо нахъчIвай ва гIадамал гIодорегIан гьари»* абун. Аллагьасда инкар кквеялдаса ва аварагзаби чIваялдаса кIудияб купру ва кибро щибха букIинеб? Гьединлъидал ягьудиязда Аллагьас дунялалдаги ахираталдаги гIодогIанлъи тIад гьабуна ва кидаго тIасса унареб ургъел-къварилъиги гьезул сипатлъун гьабуна.




**62. ХIакълъунго жидеца МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъурал гIадамал, Муса (гIв) ва ГIиса (гIв) аварагасда иман лъуралги, Ассаибунал абулел гIадамалги: гьал уммататазул жидеца ритIухъаб, камилаб, ширк гьоркьоб гьечIеб хIалалъ Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал, ахир къиямасеб къоялдаги, гьениб букIинесеб жоялдаги иман лъурал, жидеца лъикIаб гIамалги гьабурал:** Аллагьасул амруялда мутIигIлъун, гьеб тIубазабун.

**Гьал гIадамазе БетIергьан Аллагьасда аскIоб ажро-кири буго ва гьез гьабураб лъикIаб гIамалалдаса щибго жо мукъсан гьабуларо. Ахираталда капурзаби гIазабалдаса хIинкъулеб мехалъ гьал муъминзабазе хIинкъиги гьечIо, гьединго жидеца лъикIаб гIамал гьабичIел пашманлъидал гьезие щибго пашманлъиги букIине гьечIо.**

Гьаб аяталъул магIна буго: Аллагьасул салам лъеяв Муса авараг витIараб мехалъ гьесда нахърилъларал ва Аллагьасда иман лъун, Мусада (гIв) мутIигIлъун хьвадарал. Гьев хун хадубги ГIиса (гIв) авараг витIизегIан хисизабичIого Тавраталда гIамал гьабун чIарал, цинги ГIиса авараг вачIараб мехалъ гьесда нахърилъльун, жидеца ццебе гьабулеб букIараб динги тарал ягьудиязе буго Аллагьасда (**عز وجل**) аскIоб ажро.

Аллагьасул салам лъеяв ГIиса авараг витIараб мехалъ гьесда нахърилъларал, Аллагьасда (**عز وجل**) иманги лъурал, гьев ГIиса хведалго инжилалда гIамалги гьабун динги хисизабичIого хьвадарал, цинги МахIаммад ﷺ авараг витIарб мехалъ жидеца гьабулеб динги тун гьесда нахърилъларал насраниязеги буго Аллагьасда аскIоб ажро.

Киналго диналги насхо гьарун (хвезе гьарун, хисун) кинабго гIаламалда жив витIарав, аварагзабазул ахиравги жив гьавурав, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг витIун хадуб цоги дин къабул гьабуларо ва киназдаго тIадаб буго гьесда нахърилъльине. Инжил-Тавраталъул агьлулъун рукIарал гIадамал, китабиял гьезда абуниги, гьезул хъураб жо кваназе нилъее хIалал

гьабуниги, гьел гIадамал капурал рукIуна ва гьезие ахираталда жужахIалъул гIазаб гьабула. Гьаб масъала бичIчIизе ккола.

**63. Нужеца ракIалда щвезабе нужедаса Тавраталда гIамал гьабизе къотIи босараб гIуж ва хIал. Дица нужеда тIад ТIур мегIер борхана ва гьеб нужеда тIад бегизе гIагар гьабуна. Нуж хIинкъун мутIигIлъидал, нужеда абуна: «гьаб нужехъе кьураб Тавраталда мухIканго гIамал гьабе ва гьениб жаниб бугеб жо бичIчIун, гьелда нахърилълъа, цинги нуж Аллагьасул гIазабалдаса цIунараздаса рукIине руго –абун.**

**64. Цингиги нуж гьеб Тавраталда гIамал гьабиялдаса руссана:** гьеб щулияб къотIи босун хадуб, ва нужедаса ТIур мегIерги борхун хадуб. **БетIергьан Аллагь гурхIел бергьарав, цIобал гIатIидав вукIиналъ,** цогиги аварагзаби ритIун нуж диналда ахIана. **Гьев БетIергьан Аллагьасул цIоб-рахIму букIинчIебани нуж дунялалдаги ахираталдаги гьалаглъараздаса ва чIорого хутIаразадаса рукIинаан.**


**65. ХIакълъунго нужеда лъала я ягьудиял, шамат къоялъул амруялъулъ гIасилъарал умумузе лъугьараб жо: Дица гьезда абуна нуж маймалакаллъун ва болъоналлъун рукIazy абун.** Ай дица гьел сверизаруна гьел хIайваназул сураталда.

**66 гьаб росдал агьлоялда щвараб балагь бицинлъун бугеб къиса дица гьабуна, гьеб росдада сверухъ ругел гIадамазеги хIинкъилъун букIине ва гьел гIассилъичIого рукIине. Ва гьединго гьеб кьиса Аллагьасдаса хIинкъулел гIадамазе вагIзалъун буго кинабго заманаялъ.**

**67. Нужеца ракIалда щвезабе, я бунаисраилал, нужер умумузда Муса аварагас абураб гIуж, Аллагьас (عز وجل) нужеда амру гьабулеб бугин нужеца гIака хъвеян абун. Къавмалъ Мусада абуна: «дуца ниж махсародейищ гьарулел? - абун. Мусаца (гIв) абуна: дица Аллагьасдалъун цIуни гьарулеб буго дун жагьилал, ахIмакъал гIадамаздаса вукIиналдаса.** Гьединал гIадамаца ккола цояз цоял махсароде. Дица нужеда хIакъаб жо абулеб буго» - абун.

**68. Цинги къавмалъ абуна: «Дуца дур Аллагьасда (عز وجل) нижее гIоло абе нижее баян гьабеян кинаб гIака хъвезе бугеб». Мусаца абуна: «ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: гьеб буго гIемер къинлъараб херабги гьечIеб, жеги бугъикье инчIеб гьитIинабги гьечIеб, гьоркьохъел саназул гIака. Нужеда амру гьабураб жо тIубазабе,** тIад кIалъалел ва гьикъардулел рукIинчIого» **- абун.**

**69. Хадубги къавмалъ абуна: «Дуца дур Аллагьасда (عز وجل) абе нижеда гьеб гIакаялъул кьер баян гьабеян» - абун. Муса (гIв) аварагас абуна: ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «гьеб гIака буго тIогьилаб кьералъул, цIакъ гвангъараб, жинда балагьарал гIадамазул бер бахилаб» - абун.**




**70. Бануисраилаз абуна: «Дуца дур Аллагьасда нижер рахъалъан абе: нижеда гьеб гIака цогиги сипатал рицун баян гьабеян, хIакъалъунго нижеда гьеб гIака цогидазда гьоркьоса батIа бахъине кIолеб гьечIо. Аллагьас хъван батани, цогиги сипатал нижее рицараб мехалъ, нижеда гьеб гIака батизе буго ва ниж гьелда тIаде ккезе руго» - абун.**

**7I. Аллагьасул салам лъеяв Мусаца абуна: хIакъалъунго Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: «гьеб гIака буго жиб ракь бекьизе, яги гьеб лъалъазе лъим баччине квегьичIеб. Киналго гIайибаздаса жиб бацIцIадаб ва жиндир тIогьилаб кьералда гьоркьоб цоги батIияб кьерги жубачIеб буго» - абун. Цинги гьез бичун босун гьеб гIака хъуна. Гьеб хъвезе гьезул гьираги букIинчIо.**

**72. Нужеца цо чиги чIван, гьев жинца чIварав чи щивали абун нуж цо-цалъ къацандараб гIуж ракIалда щвезабе. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинца загьир гьабулев вуго нужеца жаниб бахчун букIараб амру.**

**73. Цинги дица гьел гIадамазда абуна: нужеца гьеб гIакаялъул цо къотIел (кесек) кьабе гьев чIван гIодов лъун вугев чиясда абун.** Муса аварагас абухъин бануисраилаз гьев чиясда хъураб гIакаялъул цо къотIел кьабидалго, гьев чIаголъана ва гьесда гьикъидал мун лъица чIварав абун, гьес жиндир инсул вацц вихьинавуна, цинги жив хвана ва тIокIав чIаголъичIо. Гьаб амру бицун Аллагьас (**عز وجل**) абулеб буго: **Гьале гьадин Аллагьас хварал чагIи чIаго гьарула ахираталда хIисаб-мизан ва жаза гьабизе. Ва нужеда Аллагьас (عز وجل) жиндир аятал рихьинарулел руго батIи-батIиял мугIжизатал рихьизариялдалъун, нужеда жо бичIине ва нуж Аллагьасда (عز وجل) мутIигIлъизе гIоло.**


**74. Аварагзаби (гIв) ритIун, мугIжизатал рихьизарун хадуги нужер ракIал цIакъ къосана,** иманалдаса руссана, Аллагьасдаса хIинкъуларел лъугьана. **Гьел ракIал ганчIазда релълъун руго жидер къвакIиялъул рахъалъ,** жидеда жаниб хIакъаб жо лъугьизе толарел ругелъул, **ганчIаздасаги къвакIарал руго гьел. ГанчIазул цо тайпа буго жидеда гьорлъан лъел иццал, гIорал раккулел. Цоги ганчIал руго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкьун жал рихъ-рихъун унел ва жидедаса лъим чвахулел. Цоги ганчIал руго Аллагьасдаса хIинкъун рортун, гирун унел:** ай ганчIал гIемерал руго Аллагьасдаса хIинкъулел ва гьесие тамахлъулел. Амма нужер ракIал цIакъ къосарал руго, я гьал ягьудиял, ва Аллагьасда руссунел гьечIо. **ХIакъалъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гъапулав гьечIо нужеца гьабулеб гIамалалдаса ва нужее жаза гьабичIого хутIине гьечIо.**

Лъазе кколеб масъала буго: Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьараб рухI гьечIеб жоялъулъ рухI бугеб жоялъул сипат бижула. Гьелъие гIемер хIужа буго Къуръаналда жаниб ва хирияв аварагасул ﷺ хIадисазулъ. ГамачI Аллагьасдаса хIинкъи, гъветI-хералъ тасбихI гьаби, гамачIалъ аварагасе салам кьей, гьес тIад гIодов чIун хутIба гьабулеб букIараб рахи (чIало) зигарди, ва цогиги гIемерал мисалал руго гьеб Аллагьасул (عز وجل) къудрат баян гьабулел. Нилъеца гьеб киналдаго иман лъола ва гьелъул баян цIехон бахIс гьабуларо.

**75.** Гьаб аят рештIинабуна ансаразул хIакъалъулъ, ягьудиязулгун къотIи букIарал ва рахьдал гIагарлъиги хурхун букIарал. Гьел ансаразе бокьун букIана дол ягьудазги иман лъезе, цинги жидер цебеххун букIараб гIагарлъи ва божилъи цIи гьабизе.ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго**: «Нужер хьулищ лъолеб я гьал муъминзаби, ягьудиязда гьел нужер диналда божилин ва нужгун цадахъ рукIинин абун. ХIакъалъунго гьезул цо къокъа, жидеда тIехь цIализе лъалел, гьеб тIехьалъ бицунеб жо рагIулел, цингиги жидеца гьеб хисизабулел руго. Гьеб Тавраталда жаниб бугеб жоялъул магIна бичIчIун хадуб, жидедаги лъалеб бугеб хIалалъ жидеца гьабулеб иш мекъаб букIин.**

Гьез хисизабулеб, бахчулеб жоги МухIаммад аварагасул сипатал рукIана. Гьезда лъалеб букIана МухIаммад ﷺ хIакъав авараг вукIин, амма гьез загьиралда гьесда иман лъолеб букIинчIо. Цоги гIалимас абуна: гьез хIалалаб жо хIарам гьабун, хIарамаб хIалал гьабун хисизабуна Тавраталда бугеб хIукму абун.

**76. Ва жидеда муъминзаби данд чIвараб мехалъ гьел ягьудияз абула нижецаги иман лъунин нужеца иман лъураб жоялдаян абун. Цинги гьел жалго цо-цалъе руссараб мехалъ, гьез абула: нужеца гьел аварагасул асхIабзабада бицунебищ бугеб Аллагьас (عز وجل) нужеда рештIараб Тавраталъул хабар, гьез нужедаго дагIба базе Аллагьасда цере щвараб мехалъ. Нужеца гьабулеб жоялъул магIна бичIулищ нужеда абун.**




**77. Гьел ягьудиязда бадиб чIвай гьабун Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: гьезда лъаларищ** (гьезда кин лъалареб) **хIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасда гьез балъго гьабурабги, загьиралда гьабурабги жо лъалеб букIин.** Ягьудиязул цо къокъа букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад хIакъав авараг вукIин лъалел, амма жидеца гьеб бахчарал ва загьиралда аварагасда инкар кколел, хIал хъублъи гьабун, чIухIун. Цоги къокъа букIана жидер рекIелъ иман гьечIел, амма Мадинаялде рачIараб мехалъ аварагасдаги асхIабзабадаги нижги иман лъурал ругоян абулел.

**78. Гьел ягьудиязул цо къокъа буго жидеда хъвай цIали лъаларел, Тавраталда бугеб жоги лъаларел, амма жидеца лъалареб жо бицунел, гьереси бицун гьеб тIехьалда бугилан абулел.**

**79. Квешаб гIазаб букIина гьел гIадамазе, жидерго квераца цо жо хъвалел, цинги гьеб Аллагьас (عز وجل) рештIараб тIехь бугинги абулел, гьелдалъун дунялалъул дагьабго боцIи бичун босине. Гьезие квешаб гIазаб букIина гьеб тIехь хъван Аллагьасул тIехь бугин гьереси бициналъул. Ва квешаб гIазаб букIина гьезие, гьересиял харбазухъ бичун босараб чорокаб ва хIарамаб боцIи кванаялдалъунги.**

**80. Гьел ягьудияз абуна жидеда гIазаб ва жужахIалъул цIа хъвазе гьечIин жал рикIкIарал, дагьалго къояз гурони абун.** Анкьго къо буго гьеб, яги гьез бачие лагълъи гьабурал къоял руго. **Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «нужеца Аллагьасулгун гьединаб къотIийищ гьабун бугеб? Аллагь (عز وجل) кидаго жиндир къотIиялъе хилиплъи гьечIев вуго. Яги нужеца Аллагьасда гIунтIизабун гьереси бицун, нужедаго лъалареб жойищ абулеб бугеб?» - абун.**

**8I**. Гьез бицунеб жо гьереси ва бугьтан букIин загьир гьабун ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**Гьезда жужахIалъул гIазаб хъвазе буго ва гьел даимго жужахIалда хутIизеги руго, - капурзаби ва квешал, кIудиял мунагьал гьарурал гIадамал хутIулеб хIалалъги. Жидер мунагьазул сангар сверун лъугьун, хвасарлъиялъе нухги гьечIого хутIула гьел гIадамал. Гьал чагIи руго жужахIалъул бетIергьаби ва гьал руго даимго гьенир жанир рукIунелги.**


Мунагьал хIакъир гьари, гьел гьитIиналлъун рихьи жинца инсан гьалаг гьавулеб иш буго. ГьитIинал мунагьазда тIад чIчIей гьаби кIудияб мунагь буго. Масала, гъибат гьаби, тамахъо бухIи, годекIаниб, торгIо хIаялда заман инзаби,- гьитIинаб мунагь бугин абун гьелда инсан ругьунлъи квешаб иш буго. Хирияв аварагасул ﷺ хIадис буго: ***нужеца мунагь гьитIинаблъун, хIакъираблъун гьабуге, гьел мунагьал данделъун гьез инсан гьалаг гьавула*** **- ян абун.**

**82. Хирияб Къуръаналда иман лъурал, МухIаммад ﷺ аварагги ритIухъ гьарурал, хадуб шаргIалда рекьон лъикIаб гIамал гьабунги хьвадарал гIадамал, - гьал руго алжаналъул бетIергьаби ва жал даимго гьеб алжаналда жанир рукIинеги руго.**

**83.** ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) жегиги гьел ягьудиязул мунагьал ва гIасилъаби рицунел руго, ва гьезда хитIаб гьабун абулеб буго: **Нужеца жегиги ракIалда щвезабе дица нужер умумул ягьудияздаса мухIканаб къотIи босараб гIуж: цохIо Аллагьасе (عز وجل) гурони лагьлъи гьабугеян, эбел-инсуе лъикIлъи ва гурхIел-рахIмуги гьабеян, гIагарал гIадамазда, мискин-пакъиразда, бесдал лъималлаздаги гурхIел гьабеян абун. ГIадамазда лъикIаб хабарги бице абун: хIеренаб тамахаб ргIи бице ва гурхIелаладлъун балагье абун.**

**Ва нужеца какги бай рукугI-сужда камил гьабун, паризаяб закатги кье абун.**

**Гьаб кьотIи босун хадуги нуж гьеб хвезабун, гьелдаса руссана, цIакъго дагьал гIадамал хутIинегIан. Ва нужеца гьеб къотIуда рекъон гIамал гьабиги тана хIакъаб диналдаса руссун, купру-ширкалда ун.**




**84. Цингиги дица нужер умумуздаса къотIи босана, нужерго биял гIодор тIоге абун, нужер шагьараздаса нужго къватIирги рахъинаруге абун: цояз цоял къватIир къотIун, гьезул ракь жидеца бахъун. Цинги нуж гьаб къотIиялдаги рекъана ва гьеб лъикIаб, тIубазабизе кколеб букIиналда нужеца нугIлъиги гьабуна.**

**85. Гьаб къотIи босун хадуги, я ягьудиязул жамагIат, нужеца цояз цоял чIвалел руго, цояз цоял гьезул ракьалдаса къватIирги гъолел руго, цояз цоязе гIасилъаби ва зулмаби гьаризе кумекги гьабулеб буго. Нужер цоял асирлъиялда ккараб мехалъ, боцIи кьун гьелги хвасар гьарулел руго. Тавраталда жаниб хIарам гьабураб рагъ гьабун, нужеца ягьудиял чIвалел руго ва гьел жидер ракьалдаса къватIир къотIулел руго. Нужеца Тавраталъул цо бутIаялда иман лъун, цогидаб бутIа иман лъечIого инкар ккунищ толеб? Гьадинаб гIамал гьабурал гIадамазе бугеб жаза щибха букIунеб дунялалъул рукъор гьел гIодорегIанал, инжитал лъугьин гуреб. Цинги ахираталдаги гьел цIакъ гучаб гIазабалда руссинарула. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб пиша жинда лъалев вуго, гьелдасан гьапулав гьечIо**. ай гьадинаб иш гьабизе бегьилищ: Аллагьасул (**عز وجل**) тIехьалъул цо хIукмоялда инкар кквей кинабго тIехьалда инкар кквей букIуна. Нуж цохIого заманалъ куфруги иман лъейги данде гьабулел руго.

**86. Гьал гIадамал руго жидеца абадияб ахираталъул рукъги бичун** (ай алжан бичун) **дагьабго заманалъул дунялалъул чIаголъи босарал. Гьаздаса ахираталда гIазаб бигьа гьабуларо ва гьезие щибго квербакъиги щоларо. Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса гьел хвасар гьарулев ва гьезие квербакъизе кIолев чиги вукIунаро.**

Гьал цере арал аятал: (84-86) рештIизаруна Мадинаялъул ягьудиязул хIакъалъулъ. Мадинаялда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг вачIинелда цебе гIарабиязул «Авс» ва «Хазраж» абун кIиго къокъа букIана, жидеца хъанчие лагьлъи гьабулел. Гьел рукIана жидеда Аллагьги (**عز وجل**) лъаларел, динги лъаларел, алжан-жужахIги хIалалаб-хIарамабги лъаларел гIадамал. Гьезда гьоркьор кидаго рагъалги рукIунаан.

«Авс» абулеб къокъаялъулгун къотIи гьабурал рукIана бану Къурайзатал абулел ягьудиял.


«Хазраж» абулеб къокъаялъе къотIи гьабурал рукIана банукъайнукъагI ва банузир абулел ягьудиял. Жидеца гьабураб къотIиялда рекъон, «Авс» ва «Хазраж» цоцалъ рагъизе лъугьараб мехалъ, гьел ягьудиялги долгун цадахъ лъугьун цоцаде рагъизе кколаан. Цинги гьез жидер диналда жаниб хIарам гьабураб цояз цоял чIвай, цояз цоязул боцIи-мал, ракь бахъи гьабулеб букIана.

МухIаммад ﷺ авараг Мадиналда вачIиналда цере дол хъанчие лагьлъи гьабулел рукIарал «Авс» ва «Хазражал» иманлъун, аварагасе квербакъизе къотIи гьабун Ансараллъун лъугьана. Ягьудиязул гIемерисел мунапикъзаби рукIана ва ахирги гьел Мадиналдаса къватIире гъуна.

**87. ХIакълъунго дица Муса (гIв) аварагасухъе Таврат кьуна ва гьесда хадурги бануисраилазда гIемер аварагзаби ритIана. Цинги дица ГIиса (гIв) аварагасухъеги баянал хIужаби ва къавм мукIур гьабулеб мугIжизат кьуна ва гьесие квербакъизе Жабраил малаикги гьавуна.**

Жинда Аллагьасул салам лъеяв ГIиса бануисраилазда ритIарал аварагзабазул ахирав вукIана. Гьесухъе кьураб инжилалада цо-цо хIукмаби Тавраталда данде кколел рукIана, цо-цо данде кколарелги рукIана. Гьелъие гIоло ягьудияз Гiиса (гIв) аварагасда цIакъго цIикIкIараб тушманлъи гьабуна. Гьедин букIиналъ ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) абулеб буго: **Нужехъе щивав авараг вачIараб мехалъ, нужер напсазе бокьуларе ж бицун, нуж гьезда иман лъезе чухIулелищ ругел? Аварагзабазул цоял гьереси гьарулел руго, цоязда рагъ балеб буго- абун.**

**88.** МухIаммад ﷺ аврагас иман лъеялда ахIараб мехалъ, **ягьудияз абулеб буго: нижер ракIазда тIад тIалъел лъун бугин абун. Къурьаналдаги МухIаммадидаги инкар кквеялъе гIоло, Аллагьас гьел жиндир рахIматалдаса рикIад гьарурал руго, цIакъ дагьал чагIи гурони гьездасан иман лъолелги гьечIо.** (гьезул иман цIакъ загIифаб буго).




**89. Гьезухъе Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан Къурьан бачIараб мехалъ, гьезул тавравтги ритIухъ гьабулеб; МухIаммад ﷺ авараг вачIиналда ццере гьел рукIана капурзабада рагъизе ккараб мехалъ гьесул цIаралдалъун квербакъи тIалаб гьабулел; Цинги МухIаммад ﷺ вачIараб мехалъ, гьев авараг вукIин жидеда мухIканго лъалев, гьез гьесда инкар ккуна. Аллагьасул (عز وجل) лагIнат буго** (рахIматалдасан рикIад гьари буго) **жидеца МухIаммадида инкар ккурал ягьудиязда.** Тушманасда тIад бергьенлъи босизе къваригIараб мехалъ ягьудияз абулеб букIана: «я Аллагь (عز وجل)! Дуца нижее квербакъе ахир заманалъ витIизе вугев аварагасул хIурматалдалъун, жиндир сипат нижер Тавраталда бицарав»- абун. Цинги гьез МухIаммад ﷺ аварагасда инкар ккуна, гьев гIарабияв вукIиналъ, ягьудиязул гурони авараг вукIулароян абун.

**90. ЦIакъ квешаб жо буго гьез жидер напсалги ричун босараб.** Щиб гьеб абуни: **ТIадегIанва Аллагьас рештIинабураб Къураналда жидеца инкар квей. Гьеб инкар кквейги жидер къосиналъ ва квешлъиялъ буго. Жидер хIал хъублъи ккун** (хIасад ккун) **ТIадегIанав Аллагьас жиндир цIоб-рахIматалдалъун жиндие вокьарав лагъасда**


(МухIаммадида ﷺ) **вахIю витIиялда ва тIехь рештIиналда. Гьединаб хIалихьатаб гIамалалъе гIоло жал Аллагьасул ццим бахъараллъун тIад руссуна,** цебеккунги жидеда Аллагьасул ццим бахъи букIингун цадахъ. **Гьал ва цогидал капурзабазе жал гIодорегIан гьарулеб, хIакъир гьарулеб гIазаб букIине буго.**

**9I. МухIаммад ﷺ аврагасда рештIараб Къураналда иман лъе ва гьеб ритIухъ гьабун нуж гьелда нахърилъаян абураб мехалъ, гьел ягьудияз абулеб буго: нижеда рештIараб Тавраталда иман лъолеб буго нижецаян. Цогидаб кинабго жоялда гьез инкар кколеб буго, гьеб Къуръан хIакъаб Аллагьасул (عز وجل) калам букIингун цадахъ, гьезухъ бугеб Тавраталда релъълъараб ва гьебги ритIухъ гьабулеб. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: нуж Тавраталда иман лъурал ратани, щайха нужеца нужеда ритIарал гIемерал аварагзаби чIварал» - абун.** Гьел бануисраилаз гьереси бицунеб букIин ва гьел Тавраталда иман лъуралги гьечIеблъи баян гьабун абуна ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**): «Нужеца аварагзаби щайха чIварал» абун.

Жегиги тIадвуссун БетIергьан Аллагьас МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъурал муъминзабада ягьудиязул хиянатлъи, къотIи хвезаби, ва цогидалги купру-ширкалъул пишабазул бицунеб буго, гьезул тIабигIат-гIамал лъазе ва гьездаса цIунизе. Аллагьас (**عز وجل**) абулеб буго:

**92. ХIакълъунго нужехъе Муса (гIв) авараг вачIана гурищ, баянал хIужабаздалъун:** Тавраталдалъун ва ичIго батIияб мугIжизаталдалъунги. **Гьедин бугониги нужеца бачие лагълъи гьабуна Муса авараг ТIурсайналда аравго ва нужги нужеего зулмо гьабураллъун рукIана:** нужер нафсал жужахIалда ккеялъе хIакъ гьаруна нужеца.

**93. Нужеца тIадруссун ракIалда щвезабе, я гьал бануисраилал, нужер умумуздаса щулияб къотIи босараб гIуж ва гьезие Тавраталда иман лъезе бокьичIелъул гьезда тIаде ТIур мегIер борхун, гьел гьалаглъиялда гIагарлъун рукIараб заман. Гьезда абураб: гьаб нужехъе бачIараб Таврат нужеца цIакъ щулаго ккве ва нуж Муса (гIв) аваргасдаги мутIигIлъе абун. Гьез абуна ниж духъ гIенеккана, дур ргIи нижеда ргIана ва амма ниж дур амруялда гIасилъанаян абун. Гьезул ракIазулъ доб жидеца лагълъи гьабураб бече бокьи лъугьун, гьелъ гьезул ракIал цIезарун рукIана: Аллагьасдаги (عز وجل) гьесул аварагзабадаги (гIв) инкар кколел рукIиналъ.** Ай гьезул ракIазулъ иманалъул нур букIинчIо, гьединлъидал гьез бачие лагълъи гьабуна ва гьеб бече гьезул рекIелъе лъугьана. **Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: цIакъ квешаб жо малъулеб буго нужер иманалъ,** (бачие лагълъи гьаби ва Аллагьасда (عز وجل) инкар квей)**, нуж иман лъурал ратаниян абун.** Ай, гьечIо нуж иман лъурал.




**94. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «нужеца абухъин ахираталда алжан цохIого нужее батани, цоги щивго чиги гьенив лъугьунарев вукIун, нужер хвалида хьул лъеха, гьеб ргIиялъулъ нуж ритIухъал ратани» - абун.** Ай хехго алжаналда лъугьине хвел бокьизе ккелаха нужее.

**95. Абадиялъго гьел ягьудиязул хвалида хьул лъоларо, гьез дунялалда гьарурал гIемерал пасалъабазе гIоло. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго зулмучагIазул ва капуразул хIал.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул мугIжизаталдаса букIана гьаб кIиго аятги. Хирияв аварагас ﷺ гьел ягьудиял ахIана хвалида хьул лъеялда ва абадиялъго гьезул хвалида хьул лъоларебги бицана. Аллагьас **(عز وجل)** аваргасда лъазабуна ягьудиязул хвалда хьул лъолареблъи, ва гьесда кIвана щибго хIинкъичIого гьаб ахIи гьабизе.

Гьедин цо жоялда ахIиялда «мубагьала» абула. Гьелъул магIна букIуна нижеца бицунеб жоялъулъ ниж мекъал ратани ниж хваги абун дугIа гьаби. Аварагасда ﷺ данде рахъун «мубагьала» гьабизе ягьудиял хIинкъана, гьел гьересиял рукIиналъ ва гьедин рахъани жидер кинабго наслу - тухум холеблъиги лъан.

**96. Дуда гьел ягьудиял ратине руго МухIаммад ﷺ, бищун дунял бокьулел, гьелда хьул халаталлъун, хIатта мушриказдасаги дунялалда халат хутIине бокьарал руго гьел ягьудиял. Гьезул щивасе бокьула ва хьул лъола гьаб дунялалда азарго сон базе анищан абун. Гьеб азарго сон баниги гьев чи ахираталъул гIазабалдаса ворчIине гьечIо. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьез гьабулеб кинабго гIамал лъалев ва бихьулев вуго.** Загьиралда гьабулебги бихьула Аллагьасе, гьезул рекIелъ ругел квешал пикрабиги, халатал анишалги рихьула.


**97. Дуца ягьудиязда абе МухIаммад ﷺ, нужер щив вугониги Жабраил малаикасда тушмалъи гьабулеб чи, гьев Аллагьасда тушманлъи гьабулев вуго. ХIакълъунго Жабраилас гьаб Къурьан дур ракIалда рештIинабуна Аллагьасул (عز وجل) изнуялдалъун, гьалда цIерехун ругел зодисан рештIарал тIахьалги жинца ритIухъ гьарулеблъун.** Гьезда гьоркьоб нужеда рештIараб Тавратги буго, хадуб Инжилги буго. **Гьеб Къурьан жинца хIакъаб исламияб нухалда тIоритIулеб буго ва муъминзабазе рохеллъунги буго:** гьелъ алжаналдалъун рохел бицунеб бугелъул.

**98. Щив чи вугониги Аллагьасдаги (عز وجل) гьесул малаикзабадаги, аврагзабадаги, Жабраил ва Микаил малаикасдаги тушманлъи гьабун, хIакълъунго ТIадегIанав Аллагь гьел капурзабазе тушман вуго ва жинца гьезие жаза гьабулв вуго.**

**99. ХIакълъунго дица дуда мухIканал ва баянал аятал, хIужаби рештIинаруна МухIаммад ﷺ. Гьезда инкарги кколаро пасикъал гIадамаз гурони:** Аллагьасе (عز وجل) мутIигIлъиялдаса рахъарал, купруялда тIадги чIарал.

**I00. Щибаб къотIи гьабун щинахъе гьеб къотIиги биххун ва жидехъе бачIараб тIехьалда инкарги ккунищха гьел ягьудиязул цо-цо къокъа хьвадулеб? ХIакъикъаталда ягьудиязул гIемерисел жидеца тавраталда иман лъоларел руго.**

**I0I. Ва жидехъе МухIаммад ﷺ авараг вачIараб мехалъ, Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан расуллъун, жинца гьезухъ бугеб хисинабичIеб тавратги ритIухъ гьабулев: Муса (гIв) авараг ритIухъ гьавулев, Аллагь цо гьавилъун бугеб диналъул аслуги ритIухъ гьабулев, жидехъ тIехь рештIарал ягьудиязул цо къокъаялъ гьез цIалулеб букIараб Аллагьасул калам Таврат мугьалда нахъе рехун тана, жидеда щибго жо лъаларого бугеб гIадин**. Гьеб Тавраталда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул сипатал рицун рукIиндал, гьесда инкар ккун, тIубанго Тавратги нахъе рехун чIана ягьудиязул гIалимзаби.




**I02. Цинги гьел ягьудиязул гIалимзаби нахърилъгьана Сулайман (гIв) аварагасул заманаялъ сахIирзабаца хIалтIизабулеб букIараб, шайтIабаца гьезда малъараб сихIго гьабулеб гIелму цIехеялда ва гьеб гIелмуги лъазабун сихIрочагIилъун рахъана. Гьел ягьудияз абухъе Сулайман (гIв) авараг сихIрочи вукIинчIо ва гьес Аллагьасда (عز وجل) инкар кквечIо. ЩайтIаби рукIана гIадамазда гьоркьоб хабар бицунел Сулайман (гIв) сихIрочи вукIанин абун ва гьесул цIаралдаса гIадамазда сихIго малъулел. Жегиги гьел ягьудияз лъазабуна Бабил абулеб ракьалда Аллагьас (عز وجل) гIадамазул хIал бихьиялъе витIарав Гьарут ва Марут абулев кIиго малаикас гьабулеб букIараб сихIроги. Дов Гьарутица ва Марутица цониги чиясда сихIго малъулеб букIинчIо цин гIадамазда бицун ва лъазабун гурони сихIго гьаби хIарамаб букIин ва жалги Аллагьас гIадамазул хIал бихьине, гьел питнаялда ккезаризе ритIарал рукIин. Воре нужеца сихIго лъазабуге ва нуж гьеб сихIроги гьабун капурлъугеян абулеб букIана гьел малаиказ. Гьел сихIручагIазда кIоларо щибго зарал гьабизе ва асар гьабизе, Аллагьасул (عز وجل) изнуялдалъун гурони. Жидеего зарал бугеб жо буго сихIручагIаз гьабулеб, гьелдаса гьезие щибго мунпагIатги гьечIо. Гьезда хIакълъунго лъалеб бугелъул гьеб сихIроги босун, гьелъухъ Аллагьасул калам бичи жидее ахираталда кIудияб гIазаб - къварилъи букIин. ЦIакъ квешаб жо бугоха гьез жидерго напсалги ричун гьелда данде босараб:** ай ахираталда жал жужахIалда ккезарулеб сихIго боси**, гьезда лъалебани гьеб кигIан кIудияб зулмо бугеб;** сахаб гIакълоги, гIелмуги, иманги букIарабани жидеда гьеб лъалаан.

Аллагьас (**عز وجل**) гIадамазул хIалбихьиялъе ритIарал рукIиналъ дов кIиявго малаикас сихIго малъиялда «питна» абуна. Ва амма сихIго гьабиги лъазабун, гьеб сихIго гьабулел чагIилъун чIарал гIадамал капурал ругин абуна гIемерисел гIалимзабаз, Къурьаналда «нуж капурлъуге»-ян абун бугелъул гьезул хIакъалъулъ. Гьелда тIоритIел гьабулеб машгьураб хIадисги буго: ***«сихIручиясухъ ва балъголъи лъалев чиясухъ жив арав ва гьез бицунеб жо ритIухъ гьабурав чи МухIаммад ﷺ аварагасда рештIараб Къурьаналда инкар ккурав чи вуго»-ян*** **абун.**


Гьав кIиго малаик гIадамазда сихIго лъазабизе ритIиялъе сабаб бугин абуна гьеб заманалъ цIакъ батIи-батIиял сихIраби гьарулел рукIин ва цо-цо сихIручагIи жал аварагзаби ругилан кIалъалел рукIин.

ХIакъав аварагасе букIунеб мугIжизатги, сахIирзабазул сихIруги батIа гьабизе лъай букIана гьелдаса мурад.

**I03. Гьал сихIру бичун босарал гIадамаз иман лъуни ва гьел Аллагьасдасаги (عز وجل) хIинкъани: жидеца гьабулеб квешаб гIамал тун гьелда тавбо гьабун, гьезие Аллагьас (عز وجل) гьабулеб ажро - кири цIакъ лъикIаб бугоха. Гьезда гьаб иш гьадин букIин лъалебани ва гьел хIакъаб диналдаги руссунебани.**

**I04. Я гьал иман лъурал гIадамал! нужеца абуге «рагIина» - абун, гьелъул бакIалда «унзурна» - абе ва нужеда малъулеб лъикIаб жаялда гIенекке ва Аллагьасе (عز وجل) мутIигIлъе. Аллагьасда инкар колел гIадамазе жинца унтинабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**I05. Жидеда тIехь рештIараб агьлуялъеги, гьединго мушриказеги бокьуларо нужеда БетIергьан Аллагьасул рахъалъан лъикIаб жо рештIине: нужехъе авараг вачIинеги, Къурьан рештIинеги. Аллагьас (عز وجل) жиндир цIоб-рахIматалда жиндие вокьарав чи хасс гьавула:** гьел китабиязда яги мушриказда гьикъулеб, гьезулгун данде балеб щибго жо букIуларо. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) муъминзабазе цIобал гIатIидав, гьезие лъикIлъи кIудияв вуго.**




**I06.** ТIадегIанав Аллагьас цо аят насхо гьабун (магIна хвезабун) цоги аят рештIиндал ягьудал кIалъана: Балагье гьав аварагин вугев чиясухъе: жакъа бицараб жо метер хвезабулеб буго, жиндир асхIабзабада жакъа цо амру-нагью гьабулеб буго, хадуб гьелдасан батIияб гьабулеб буго. Гьаб Къурьан гьес жинцаго ургъулеб жо бугоян абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьезул рагIи хвезабун абуна:

**Дица цо аяталъул магIна хвезабун цоги аят рештIани, яги цо аяталда хIукму гьаби тани, цоги гьелдаса лъикIаб хIукму ва амру рештIинабула,** муъминзабазе дунял-ахираталъул лъикIлъи бугеб, яги гьездаса цо къварилъи борхунеб. **Дуда лъаларищ МухIаммад ﷺ** (ва киналниги муъминзаби) **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) кинабго жоялда жиндир хIал кIолев вукIин** ва жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вукIин.

**I07. Дуда лъаларищ МухIаммад ﷺ, ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIин зоб - ракьалъул ханлъи жинда кодоб бугев. Нужее цоги щивго чи гьечIо жинца квербакъулев ва нужее лъикIлъи гьабулев, цохIо Аллагь гурев.**

**I08.** Аварагасул ﷺ хIалбихьине, гьев гIодовегIан гьавине гьикъарди гьукьун рештIана гьаб аят: **Яги нужее бокьунищ бугеб я гьал муъминзаби, нужецаги гьикъизе аварагасда нужеда цере рукIараз Муса (гIв) аварагасда гьикъараб гIадин. Жинца иманги кьун купру босарав чи тIубанго битIараб нухдасан къосарав вуго.**

**I09. Китабиязул гIемерисезе бокьун буго нуж иман лъун хадур гьелдаса руссун капурзабилъун лъугьине. Гьеб бокьиялъе гIиллаги буго жидее хIакъаб жо баянлъун хадубги гьезул нужедехун бугеб хIасад ва хIалхъублъи. Нуж гьезда тIаса лъугьа ва гьез нужее гьабулеб къварилъиги данде жаваб кьечIого те, Аллагьас (عز وجل) нужее цо амру бачIинегIан. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жиндир кинабго жоялда хIал кIолев вуго.** Гьел бусурбабазе къварилъи гьабулел гIадамаздаса Аллагьас ццим босила жиндие бокьараб мехалъ, гьесдаса гьел рорчIиларо.

**I10. Нужеца паризаял какал рай, паризояб закатги кье. Гьебгуребги суннатаб гIамал гьабун гьабураб лъикIлъиги Аллагьасда (عز وجل) аскIоб нужеда батизе буго. хIакълъунго Аллагь киналго нужер гIамалал рихьулев вуго,** ва гьелда данде мустахIикъаб жаза гьабизе бугев вуго.

**I11. Жидехъе тIехь кьураз абулеб буго алжаналда жанир лъугьинего гьечIин Мусал яги ГIисал диналда рукIарал гIадамал гурони абун: гьаб буго гьез хьул гьабулеб ва гьезие бокьунеб жо. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Нужеца бицунеб жо битIараб батани нужер хIужа бачеха абун.**

**II2. Гьеб алжаналда лъугьуна жинца бацIадго Аллагьасда (عز وجل) иман лъун, гьесие гIибадат гьабурав чи**. Жинца шаргIалда рекъон лъикIаб гIамалги гьабурав. **Гьев чиясе буго Аллагьасда аскIоб ажро ва алжан, гьел гIадамазе ахираталда шибго хIинкъи гьечIо ва гьел сунцаго пашман гьаризеги гьечIо.**

Нилъеца гьабураб гIамал къабул гьабиялъе кIиго шартI буго:

**цо буго** гьеб гIамал гьоркьоб щибго жо гIахьал гьабичIого цохIо Аллагьасе (**عز وجل**) гьабураб букIин.

**КIиабилеб буго** гьеб гIамал битIараб, шаргIалда рекъон ккараб букIин. Аллагьасе (**عز وجل**) ихласалда (ракI бацIцIадго) гьабуниги, шаргIалда рекъон ккечIони гьеб гIамал къабул гьабуларо.

Гьелъие далил буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис: ***«Жинца гIамал гьабурав чи, гьеб гIамалалъе нилъер амруги (хIужа далил) гьечIеб, гьеб гIамал нахъчIвала»*** **абун.**


Масала: китабиязул кашишаз Аллагьасе (**عز وجل**) гIоло гIамал гьабулеб бугониги, гьезул гьеб къабул гьабуларо: гьезда тIадаб бугелъул МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъезе ва гьесда нахърилъхине.

Абугьурайратидаса (ра) хIадис бицана:

Бичасул расулас ﷺ абуна: ***ТIадегIанав Аллагь Жив разилъун гьимула кIиго чиясдаса, гьезул цояс цоявги чIварав ва кIиявго алжаналдаги лъугьунел. Цояв гьазаваталда вагъулаго жив чIван хварав, цинги жинца гьев чIваравги бусурманлъарав ва Аллагьас тавбо къабул гьабун гьазаваталда вагъулаго живги шагьидлъарав»- абун***. ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана. (ра)

Гьаб хIадисалъ ТIадегIанав Аллагьасул рахIматалдаса хьул къотIунгутIиялде ахIулел руго ва исламалъ гьелда цебехун ккараб мунагь - хIакъ тIаса инабулеблъиги бицунеб буго.

**II3. Ягьудияз абуна насранияз гьабулеб дин битIараб гьечIин, насраниязги абуна ягьудияз гьабулеб дин битIараб гьечIин. Гьаб кIиябго къокъаялъ Инжил ва Таврат тIехьги цIалулеб буго.** гьеб тIехьалда гIамал гьабулеб букIарабани гьез цо-цазул дин битIараблъун гьабизе кколаан ва Мусадаги ГIисадаги (гIв) кIиясдаго иманги лъезе кколаан. **Китабияз абуралда релълъараб жо абулеб буго гIарабиязул мушриказги, цогидал жидехъ тIехь рештIинчIел гIадамазги. ТIадегIанав Аллагьас (** عز وجل**) ахир къиямасеб къоялъ хIукму гьабизе буго гьел китабиял хилиплъараб жоялъулъ.**




**II4. Жиндир зулмо кIудияв щивха вукIинев, жинца масжидазда жаниб Аллагьасе** (عز وجل) **гIибадат гьабизе гьукъулев ва гьел масжидал риххинаризе живги хьвадулев чиясдаса**? (байтулмукъадас Румаз биххинабиялда релълъун ва Къурайщазул мушриказ КагIбаялда гIибадат гьабине муъминзаби гьукъиналда релълъун). **Гьел гIадамазда тIадаб букIана Аллагьасул** (عز وجل) **рукъзабахъ Аллагьасдаса хIинкъун, гьесие гIибадат гьабизе лъугьине. Гьел рукъзал риххине ва чIунтIинари гIодобегIанлъи ва хIакъирлъи буго, ва ахираталда гьезие жужахIалъул кIудияб гIазабги букIине буго.**

**II5. ТIадегIанав Аллагьасе** (عز وجل) **буго бакъ баккулеб рахъги бакъ тIерхьуллеб рахъги. Нуж гIибадат гьабизе кинаб рахъалде руссаниги гьенив Аллагь вукIуна ва гьесда нуж рихьула, нужер гIибадатги бихьула. ХIакълъунго Аллагь** (عز وجل) **жиндир цIоб-рахIмат гIатIидав вуго, гьеб кинабго гIаламалда щолев вуго ва кинабго махлукъаталъул ахIвалал жинда лъалев вуго.**

**II6. Ва гьел мушриказ абуна Аллагьас жиндие лъимал гьарунин абун. Жив вацIцIадав вуго Аллагь (عز وجل) мушриказ гьесда гIунтIизабулеб гьересиялдаса.** БетIергьан Аллагь щибго жоялда хIажатав гьечIо. Зобал ракьазул ханлъи гьесда кодоб буго, гьениб жаниб бугебщинаб жоги гьесул мулк буго ва кинабго жо Аллагьасе мутIигIаб буго. Гьес жиндие бокьухъин бижараб буго ва бокьараб къадарги гьелъие гьабураб буго. Аллагь жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан вукIиналдаги мутIигIал руго. **Ахираталдаги кинабго махлукъ Аллагьасе хIелун мутIигIлъун букIине буго.**

Ягьудиязул мушриказ абуна малаикзаби Аллагьасул васал ругин абун цогидал мушриказ абуна маликзаби Аллагьасул ясал ругин абун. Гьал киналго гьереси гьарун рештIинабуна ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) гьаб цебе араб аят.


Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас бицараб сахIихIаб хIадис буго: «*цониги чи гьечIо жинда рагIизабун жиндие заралияб жо бицунеб мехалъ, гьелда сабро гьабулев Аллагьас (**عز وجل**) сабро гьабиялда релъдъун. Капурзабаца абулеб буго гьесул лъимал ругин абун. Цингиги Аллагьас гьел капуразе ризкъиги кьолеб буго ва сахлъиги кьолеб буго*»- абун.

**II7. Жинца зобал ракьал рижарав вуго гьев Аллагь (عز وجل), цебехун щибго мисал сурат гьечIого, жиндие бокьараб хIалалъ. ТIадегIанав Аллагьас цо иш лъугьине хIукму гьабураб мехалъ гьеб хIукму тIубазабула цохIо «кун» абураб рагIиялдалъун** (мун букIа, мун лъугьа) **ва гьеб Аллагьас (عز وجل) хIукму гьабураб, гьесие бокьараб жо лъугьуна.**

**II8. Жидеда тIехь рештIинчIел мушриказ абулеб буго: «нижедаги Аллагь (عز وجل) кIалъалевани мун авараг вугин абун. Яги цо гIаламат бачIунебани дур авараглъи ритIухъ гьабун.**

**Гьал мушриказ абуралда релъдъараб жо абуна гьезда церехун рукIарал къавмазги, аварагзаби гьереси гьарун, гьезда иман лъезе чухIун. Дол цересезулги гьазулги ракIал цIакъ цоцазда релъдъарал руго:** инкар кквеялъулъ, жагьиллъиялъулъ, беццлъиялъулъ, аварагзаби гьереси гьариялъулъги. **ХIакъдъунго дица мухIканал далилал ва хIужаби рачун руго жидеда хIакъаб жо лъалел чагIазе.** Гьел киналго хIужабаз гьезда бицунеб буго мун хIакъав авараг вукIин.

**II9. ХIакъдъунго дица мун витIана МухIаммад ﷺ исламимияб динги босун, Къуръанги кьун, муъминзабада алжаналдалъун рохел бицуневлъун, капуразе ва мушриказе гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъунги. Ва дуда гьикъине гьечIо,** дуда гIайибги букIине гьечIо дуца хIакъаб жоялда ахIун хадуги гьелда рачIинчIого **жужахIалъул агьлолъун ккаразул.**




**I20. Ягьудалги насраниялги кидаго дуда разилъунаро, мун гьезул мекъаб диналде вачIинегIан. Дуца гьезда абе МухIаммад: «ХIакъаб тIоритIел Аллагьасул тIоритIел буго,** гьеб тун батIияб жо ва цогидал киналго динал къосин буго» - абун. **Гьаб хIакъаб амру духъе бачIун хадув мун ягьудазул ва насраниязул пасадал харбазда ва гьезул нафсазе бокьароб жоялда гIенекани, Аллагьасул гIазабалдаса мун цIунулев кумекчи вукIунаро ва дуе квер бакъунев чиги вукIунаро.**

**I2I. Ягьудиязул ва насраниязул цо къокъа буго Къурьаналда иман лъурал ва жидеца гьеб битIун цIалулел: гьоркьоб жо течIого ва магIна хисизабичIого. Жидехъе кьураб тIехьалда инкар ккурал гIадамал, цинги Къурьаналдаги инкар ккурал, гьел гIадамал руго жидер дунялги ахиратги гIадада хварал.**

**I22. Я Исраилил лъимал! Нужеца цоги ва цогиги нухалъ ракIалда щвезабе дица нужее кьурал гIемерал ва кIудиял нигIматал, ва нуж цогидал умматаздаса тIокI гьарураблъи:** аварагзаби ритIун ва тIахьал рештIун.

**I23. Ва нуж гьеб кьиямасеб къоялъул гIазабалдасаги хIинкъа, гьеб къоялъ цо напсалъе цоги напсалъул жаза гьабулереб, гьеб напсалдаса ришват, гIакIа ва цогидаб жо босулареб. Гьелъие цоги чиясул шапагIаталъ мунпагIатги гьабулареб, ва жидее щибго квербакъиги гьечIеб.**


**I24. Ва дуца умматалда бице МухIаммад ﷺ: Аллагьас (عز وجل) Ибрагьимил (гIв) хIалбихьи гьабураб заман,** шаргIиял тIадкъаял гьарун**. Ибрагьимица (гIв) жинда тIад къараб жоги берцинго тIубана. Цинги БетIергьанас Ибрагьимида (гIв) абуна: Дица мун гIадамазе имамлъун гьавизехъин вуго» - абун. Ибрагьимица (гIв) абуна: «дир наслоялдасаги гьаре, БетIергьан,**

**имамзаби (аварагзаби)» - абун. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: «гьаб дир къотIи ва кIудияб хиралъи капурзабазе щоларо» - абун.** дур наслоялдаса имамзаби гьарила, амма гьеб хиралъи Дида мутIигIлъуларел зулмучагIазе букIине гьечIо.

**I25. Гьединго дуца уматалда бице МухIаммад ﷺ дица хирияб КагIба рукъ гьабураб заман, кинабго рахъалъан гIадамал жинда тIаде рачIунеблъун ва жинда аскIор гIадамал хIинкъичIого рукIунеблъунги.** Гьеб КагIба рукъалъул хIурмат кIодо гьабун, гьелда аскIоб цо инсанас цоги инсанасе гIакъуба - къварилъи гьабулароан жагьилаб заманаялъул гIарабиязги. **Дица гIадамаздаги абуна: «Нужеца Ибрагьимил макъам ккве гьелда аскIор чIун Ааллгьасе (عز وجل) как балеб бакIлъун» - абун. Ва дица амро гьабуна Ибрагьимида ва гьесул вас ИсмагIилида нужеца гьеб КагIба рукъ кинабгIаги чорокаб жоялдаса бацIад гьабе абун.** МагIнавияб чороклъи буго Аллагьасда ширк гьаби, загьираб чороклъи буго инсанасул ракI къалеб щинаб жо. КагIба рукъ бацIад гьабеян амру **гьабуна гьениб Аллагьасе гIоло тIаваф гьабулел гIадамазе зарал бугеб жаялдаса. ИгIтикаф гьабун гьеб масжидалда чIолел гIадамазе зарал гьабулеб жоялдасаги, ва рукугI-сужда гьабун как бан, цогидабги гIибадат гьабун КагIба рукъги, сверун бугеб масжидги даимго Аллагь (عز وجل) рехсолеб бакIлъун гьабурал муъминзабазе зарал гьабулеб жоялдасаги.**

**I26. Ибрагьим (гIв) аварагас Аллагьасда гьарараб гIуж бице МухIаммад ﷺ дуца дур умматалда: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Гьаб КагIба рукъ бугеб бакI ва гьелда сверухъ бугеб ракь дуца гьабе жиндилъ баракат бугеблъун ва гьенир гIадамал хIинкъичIого хIалхьон, божун рукIунеблъун. Гьаб ракьалда бугеб халкъалъе дуца батIи-батIияб тIагIам ва пихъ ризкъилъунги кье. Гьеб ризкьи гIемераблъун ва хIалалаблъун дуда иман лъурал, дур аварагзаби ва дур тIахьал ритIухъ гьарурал муъминзабазе кье» - абун.**

**Аллагьас (عز وجل) абуна: «Дица гьеб ризкъи дида инкар ккуразеги кьела,** гьаб дунялалъул рокъор ругел дагьабго заманаялъ» **- абун. Цинги ахираталда купру-ширкалда чIарав чи дица жужахIалъул цIадул гIазабалъулъ ккезавила ва гьесие щибго хвасарлъиги букIинаро. ЦIакъ квешаб ахир буго инсанасе жужахIалда ккей ва цIакъ квешаб абадияб рукъги буго гьеб.**




**I27. Гьединго кагIба рукъ балеб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагас ва гьесул вас ИсмагIилица Аллагьасда (عز وجل) гьари гьабураб гIужги бице умматалъе вагIзалъун ва пикру гьабизе сабаблъун: Я нижер БетIергьан Аллагь! Гьаб нижер гIамал дуца къабул гьабе.** Мун разилъиялъе сабаблъун ккезегьабе, гIадада хвараблъун гьабуге. **ХIакълъунго мун кинабго жо рагIунев ва кинабго жо лъалев вуго.**

**I28. Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца ниж кIиявго гьаве дур амруялда нахърилъларазда:** тIубараб хIалалъ дур ахIкамал тIад росарал ва гьел тIоразарулеллъун. **Ва нижер наслу-зурияталдасаги гьабе дуда мутIигIаб уммат.** Ва **дуца нижеда лъазабе дуе гIибадат гьабулеб къагIида. Гьеб кагIба рукъалда хIажгун гIумра гьабулеб къагIидаги лъазабе. Ва дуца нижер тавбо къабул гьабе,** нижер мунагьал чурун нижеда мун гурхIа**. ХIакълъунго мун цIакъ тавбо къабул гьабулев, лагъзадерица тавбо гьабизе бокьулев ва дуда иман лъурал лагъзадерида дунялалдаги ахираталдаги гурхIулев вуго.**

**I29. Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Гьаб кагIба рукъ бугеб ракьалъул агьлуялда дуца авараг витIе: гьезухъе дур дин босун ва гьезда гьоркьосан жив вугев. Гьезие дур аятал цIалулев ва гьезул хIукму баян гьабулев. Гьезда дур тIехь лъазабулев ва гьелда рекъон гIибадат гьабизеги лъазабулев. Ва дуца гьеб кагIбаялда сверухъ бугеб агьлу купру-ширкалдаса бацIад гьабе.**

**ХIакълъунго мун цIакъ гуч бергьарав хан вуго, Дур гьабулеб ишалъулъ цIакъ хIикмат камилавги вуго:** жинда жаниб маслахIат бугеб, цо мурад бугеб жо гурони гьабуларев.


**I30. Ибрагьимил (гIв) диналдаса щивго чи вуссунаро, жив ахIмакъав, жинца напс хIакъир гьавулев вукIун гурони. ХIакълъунго дица Ибрагьим авараг тIасан вищана ва хира гьавуна** гьаб дунялалда авараглъи кьун, гIемерал умматазе эменлъун ва имамлъун гьавун. **Гьев ахираталдаги свалихIиназдаса вукIизе вуго**: Аллагьас (عز وجل) жинда гIагар гьарурал, жидее тIадегIанал макъамал ва Аллагь разилъи бугел.

**I3I. Ва гьев Ибрагьим (гIв) аварагасда Аллагьас абураб гIуж рехсе, умматалъе вагIзалъун: мун Аллагьасул (عز وجل) амруялда нахъвилъилъа: гьесда мутIигIлъун ва цогидаб кинабго жо тун, Аллагьасул дин тIубаялда тIад чIаян абун. Ибрагьимица абуна: «Дун (عز وجل) Аллагьасе мутIигIлъана ва гьесул амруялда хIелун, мукIурлъун, нахъвилъилъана» - абун.**

**I32. Ва гьаб дица хьвадизабулеб дин ва миллат нужецаги гьабеян Ибрагьим (гIв) аварагас жиндир лъималаздаги васият гьабуна. Гьесул вас ЯгIкъубицаги (гIв) гьабуна гьебго васият. Гьес абуна: «Я дир лъимал! ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее тIаса бищун буго Аллагь цо гьавулеб исламияб дин. Вореха нужер цонигияв вукIунге гьеб исламияб дин гьабулеллъун гурони ва нуж гьеб диналда даимлъе: холеб мехалъги нуж исламалда рукIа» - абун.**

**I33. Нуж ЯгIкъуб (гIв) аварагасда аскIорищ рукIарал я гьал мушрикал ва капурал, гьев ЯгIкъуб хвалда гIагарлъун, гьес лъималазда васият гьабулеб мехалъ.** Ай нуж гьенир рукIинчIо, амма нужеда гьеб хабар хIакъаб букIин лъала аврагзабаз бицун бачIараб бугелъул. **Гьев ЯгIкъубица жиндир васазда абуна: нужеца щиб жоялъе лагъалъи гьабизе бугеб дун хун хадуб абун. Васаз абуна: нижеца лагъалъи гьабине буго дур ва дур умумузул Аллагьасе (عز وجل): Ибрагьимица, ИсмагIилица, ИсхIакъица жиндие лагъалъи гьабурав цохIо Аллагь (عز وجل) вуго гьев, жиндие шарик гьечIев ва ниж гьев Аллагьасе мутIигIал руго» - абун.**

**I34. Гьаб уммат: Ибрагьим авараг ва гьесул наслуялъул аварагзаби ва муъминзаби, жал церехун арал лъикIаб уммат буго: нилъее нахъ рилъилъиналъе мисаллъунги руго. Гьез гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири гьезие букIине буго. Ва нужеца гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири нужее букIине буго. Ва нужеда гьикъизе гьечIо ахираталда доз гьабураб гIамалалдаса. Гьединго доздаги гьикьизе гьечIо нужер гIамалалдаса.** Ахираталда Аллагьасда ццере чIолеб къоялъ щибаб напсалъ жиндир жаваб кьезе буго.




**I35. Гьез абулеб буго: нуж ягьудиязул яги насраниязул диналда рукIа, нуж ритIун ккезе ругин абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: ниж руго Ибрагьимил миллаталда ругел; ритIун чIарал, цохIо Аллагьасе (عز وجل) гурого лагъалъиги гьабуларел**, киналго аваргзабада иманги лъолел. **Ва гьев Ибрагьим (гIв) авараг жинца ширк гьабулевлъунги вукIинчIо.** Нуж, я ягьудиял ва насраниял, гьев Ибрагьимил диналда гьечIо, нужеца гьабулеб жоги батIулаб дин буго.

**I36. Нужеца китабиязда ва мушриказда абе, я гьал МухIаммад аварагасда иман лъурал гIадамал: «Нижеца Аллагьасда (عز وجل) иман лъуна ва нижеда рештIизабураб Къурьаналдаги иман лъуна. Гьединго нижеца иман лъуна Ибарагьимида, ИсмагIилида, ИсхIакъида, ЯгIкьубида ва гьесул лъималазул лъималаздаги рештIизабураб жоялда» - абун.** «Муса (гIв) аварагсухъе кьураб Тавраталдаги, ГIиса аврагасухъе кьураб Инжилдаги иман лъуна. Гьал гурелги цогидал аваргзабахъе Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бачIанщинаб жоялда нижеца иман лъола, гьезул цонигиясда гьоркьоб батIалъиги гьабуларо. **Ниж гьев Аллагьасе мутIигIал, гьесул амруялда**

**нахърилълъарал, гьесул аварагзабазул (гIв) нухдаса хьвадулел руго.**


**I37. Гьаб нужеца лъураб хIалалъ иманги лъуни, ва нужгогIадин Аллагьасул (عز وجل) кинабго амруялда нахъги рилъани, гьел китабиял ва мушрикал битIараб нухда жал тIоритIарал рукIуна. Гьедин иман лъеялдаса руссун, чIухIун чIани, гьел гIадамал хIакъаб жо къваригIарал чагIи гуро, гьел руго МухIаммад ﷺ, дудехун тушманлъи квей ва дургун дагIба бокьарал гIадамал. Аллагьас (عز وجل) мун гьезул квешлъиялдаса цIунизе вуго МухIаммад ﷺ ва дуе гьес гIейи гьабизе буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда хIакъаб жо ргIулев, жинца гьеб къабул гьабулев вуго.**

**I38. Гьаб ниж жинда ругеб исламияб дин буго Аллагьас нижер чорхолъ бессараб, нижер сипатлъун гьабураб дин. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго бищунго лъикIав жиндир лагъзадерие лъикIаб, мустахIикъаб жо гьезул сипатлъун гьабизе. Ва ниж гьев Аллагьасе гIибадат гьабулел руго, гьев гуреб цоги жоялъе гIибадат гьабулел гьечIо.**

**I39. Дуца китабиязда абе МухIаммад ﷺ: нуж нижее хIужа-далил бачун кIалъалелищ ругел БетIергьан Аллагьасул хIакъалъулъ:** нуж ругин Аллагьасе (**عز وجل**) рокьулел, цогидал гьечIин абун. Нуж Аллагьасул лъимал ругин, аварагзаби нужедаса ругин, цогидаздаса гьечIин абун. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужерги нижерги БетIергьан вукIинги цадахъ ва нилъ киналго гьесул лагъзалги рукIун. Нижеца гьабураб гIамалалъул жаза нижее буго, нужеца гьабураб гIамалалъул жаза нужее буго. Ва амма ниж руго гьев Аллагьасе бацIцIадаб дин гьабулел:** гьесул аварагзаби ритIухъ гьарун ва гьев Аллагь гуреб жоялъе гIибадат гьабичIого.

**I40. Яги нужецайщ абулеб, я гьаб китабияб агьло: хIакълъунго Ибрагьим, ИсмагIил, ИсхIакъ, ЯгIкъуб ва гьезул лъималги ягьудиял рукIанин абун, яги насраниял рукIанин абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «нужищ ругел хIакъикъат лъалел яги Аллагьищ (عز وجل) вугев гьеб хIакъикъат лъалев?»- абун.** Аллагьас абун буго гурищ гьел аварагзаби исламияб диналда рукIанин ва гьел ягьудиял яги насраниял рукIичIин абун. **Жиндир зулмо цIикIкIарав щивха вукIунев жиндие хIакълъунго лъалеб, жидеца цIалулеб тIехьалда бугеб Аллагьасул рахъалъан бугеб нугIлъи бахчулездаса? ГьечIо гьездаса зулмо цIикIкIарал гIадамал. Ва амма ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гъапулав гьечIо гьеб квешаб къавмалъ гьабулеб гIамалалдаса. Кинабго гьезул гIамал бихьулеб ва лъалеб буго Аллагьасда, ва гьезие жидер гIамалалда рекъараб жаза гьабизе буго.**

**I4I. Доб цебе бицен гьабураб Ибрагьм аврагасул ва гьесул лъималазул умматал гьез гьабураб гIамалгун цадахъ жал цере арал руго. Гьел умматазе букIине буго жидеца гьабураб гIамалалъул жаза ва нужееги букIине буго нужеца гьабураб гIамалалъул жаза. Нужеда гьикъине гьечIо доз щиб гIамал гьабураб абун,** ва гьездаги гьикъине гьечIо нужеца гьабураб гIамалалдаса.


الجزء الثاني — سورة البقرة — الجزء ٢ الحزب ٣
* سَيَقُولُ ٱلسُّفَهَآءُ مِنَ ٱلنَّاسِ مَا وَلَّىٰهُمْ عَن قِبْلَتِهِمُ ٱلَّتِى كَانُوا۟
عَلَيْهَا ۚ قُل لِّلَّهِ ٱلْمَشْرِقُ وَٱلْمَغْرِبُ ۚ يَهْدِى مَن يَشَآءُ إِلَىٰ صِرَٰطٍ
مُّسْتَقِيمٍ ﴿١٤٢﴾ وَكَذَٰلِكَ جَعَلْنَٰكُمْ أُمَّةً وَسَطًا لِّتَكُونُوا۟
شُهَدَآءَ عَلَى ٱلنَّاسِ وَيَكُونَ ٱلرَّسُولُ عَلَيْكُمْ شَهِيدًا ۗ وَمَا
جَعَلْنَا ٱلْقِبْلَةَ ٱلَّتِى كُنتَ عَلَيْهَآ إِلَّا لِنَعْلَمَ مَن يَتَّبِعُ ٱلرَّسُولَ
مِمَّن يَنقَلِبُ عَلَىٰ عَقِبَيْهِ ۚ وَإِن كَانَتْ لَكَبِيرَةً إِلَّا عَلَى ٱلَّذِينَ
هَدَى ٱللَّهُ ۗ وَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيُضِيعَ إِيمَٰنَكُمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ
بِٱلنَّاسِ لَرَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿١٤٣﴾ قَدْ نَرَىٰ تَقَلُّبَ وَجْهِكَ فِى ٱلسَّمَآءِ ۖ
فَلَنُوَلِّيَنَّكَ قِبْلَةً تَرْضَىٰهَا ۚ فَوَلِّ وَجْهَكَ شَطْرَ ٱلْمَسْجِدِ
ٱلْحَرَامِ ۚ وَحَيْثُ مَا كُنتُمْ فَوَلُّوا۟ وُجُوهَكُمْ شَطْرَهُۥ ۗ وَإِنَّ
ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ لَيَعْلَمُونَ أَنَّهُ ٱلْحَقُّ مِن رَّبِّهِمْ ۗ وَمَا ٱللَّهُ
بِغَٰفِلٍ عَمَّا يَعْمَلُونَ ﴿١٤٤﴾ وَلَئِنْ أَتَيْتَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ
بِكُلِّ ءَايَةٍ مَّا تَبِعُوا۟ قِبْلَتَكَ ۚ وَمَآ أَنتَ بِتَابِعٍ قِبْلَتَهُمْ ۚ
وَمَا بَعْضُهُم بِتَابِعٍ قِبْلَةَ بَعْضٍ ۚ وَلَئِنِ ٱتَّبَعْتَ أَهْوَآءَهُم مِّنۢ
بَعْدِ مَا جَآءَكَ مِنَ ٱلْعِلْمِ ۙ إِنَّكَ إِذًا لَّمِنَ ٱلظَّٰلِمِينَ ﴿١٤٥﴾
٢٢

**I42. гIадамазул жидер лъай дагьал, гIакъло загIипаз абизе буго: «гьев МухIаммадги ﷺ, гьесул асхIабзабиги (ра) жидер къиблаялдаса руссинарураб жо щиб бугеб?** Киналго аварагзабазул къиблалъун жиб букIараб Байтул мукъадасалдаса щиб жоялъ гьел цоги рахъалде руссинарураб?»-абун.

**Дуца абе МухIаммад ﷺ, «бакъ баккул рахъги ва бакъ тIерхьул рахъги Аллагьасе (عز وجل) буго, гьев Аллагьас жиндие бокьарав чи битIараб нухда тIовитIула**, ниж кинаб рахъалдехун руссаниги БетIергьан Аллагьасе нижер гIибадат бихьула ва лъала»- абун.

Мадинаялде щун хадуб Аллагьасул свалат салам лъеяв Аварагас ва асхIабзабаз (ра) цо лъагIелги бащадабгигIан заманалъ (I6-I7 моцI) как балеб букIана Байтулмукъадасалде руссун. Хирияв авараг ﷺ жиндир хьуллъун, жиндие бокьун вукIунаан Маккаялдехун вуссун как базе: гьениб бугелъул бищун цебесеб ва бищун хирияб Аллагьасул рукъ-кагIба.


ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) гьезда кагIбаялде руссун бай как абилелде ццебе рещтIараб буго гьаб аят, къибла хисизабураб мехалъ ахIмакъал, мунапикъал чагIаз абизе бугеб жо бицун ва гьезие кьезе кколеб жавабги бицун. Гьабги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул мугIжизат буго, гьалда жаниб хадуб букIунеб жо бицун бугелъул.

**I43. Дица нуж хIакъаб динулисламалда тIоритIарал гIадинго, я гьал МухIаммадида ﷺ ва Къурьаналда иман лъурал муъминзаби, нуж лъикIаб, мисалияб умматлъунги гьаруна, къиямасеб къоялъ цогидал умматазул гIадамазе нугIзаллъун рукIине. Гьединго нужер авараг МухIаммад ﷺ нужее нугIлъи гьабулев вукIине вуго нужехъе Къуранги бацIцIадаб суннатги щвезабиялъе. Ва дица мун жинда вуссун вукIараб къибла хисиги гьабичIо, дида загьирго лъазегурони унгого иман лъурал, аварагасда нахърилъулъулел гIадамал ва жидер иман загIипал, мунапикъал гIадамалги: цо дагьабго сабаб ккарабго дуда гIайб чIвалел ва динги реххун толел. Гьеб къибла хиси захIматаб масъалалъунги лъугьана цо къавмалъе. Амма жидер иман камилал Аллагьас жал тIоритIарал муъминзабазе гьеб амруялда нахърилъулъин щибго захIматаб жо букIинчIо. ТIадегIанев Аллагьас (عز وجل) иман лъурал гIадамазул иман гIадада хвезабуларо:** ай гьезие мунпагIат, маслахIат гьечIеб жо гьезда малъуларо: къибла хисана абун церекун рарал какал гIадада холаро. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир халкъалда цIакъ гурхIулев ва жиндир рахIматал гIемерав вуго.**

**I44. ХIакълъунго дида бихьана МухIаммад (عز وجل) дуца бетIер эхеде бурхун мун зобалаздахун валагьулев** гьеб къибла КагIбаялде сверинабизе бокьун. **Дица мун вуссинавила дуе бокьулаб къиблаялда:** Дур кIудияв эмен Ибрагьим аварагасул къиблаялда. **Дуца дур гьумер ва черх буссинабе как базе вахъараб мехалъ, масжидул хIарам (КагIба) бугеб рахъалда. Ва нужецаги, я гьаб МухIаммад ﷺ аварагасул уммат, нужер гьурмал КагIбаялдехун руссинаре как балеб мехалъ, кире нуж рогониги. ХIакълъунго жидехъ тIехь къурал, гьеб цIалулел китабиязда лъала гьаб къибла кагIбаялдехун сверинаби Аллагьасул (عز وجل) амруялдалъун бугеб хIакъаб жо букIин.** Гьедин лъалеб бугониги гьез гIадамал шакдаринарун, питнаялда ккезарулел руго. **Аллагь гьез гьабулеб жо лъаларев, гьелдаса гьапулав гьечIо ва гьезие букIизе кколеб жаза гьабулев вуго**.

**I45. БичасхIаги МухIаммад ﷺ: мун гьеб китабияб агьлуялъухъе гIемерал хIужабиги рачун вачIаниги, мун жинда вуссараб къибла битIараб букIин ва гьеб Аллагьасул амруядалъун букIин бицун, гьел дур къиблаялда нахърилъуларо. Ва мунги гьечIо гьезул къиблаялда нихъвилъуневлъун,** Аллагьас дуда КагIба рукъалда вуссаян амру гьабун хадуб. **Гьел китабиялги гьечIо цоял цоязул къиблаялда нахъ рилълъунеллъун. Духъе хIакъаб амру бачIун хадуб ва Жабраил витIун Къурьанги рештIинабун хадув мун гьел китабиязе бокьараб жоялда**

**нахъвилъльани, я МухIаммад ﷺ, мун вукIуна зулму чагIаздаса,** дуца кIудияб мунагь гьабун букIунелъул.




**I46. Жидехъе тIехь кьурал китабиязул гIалимазе Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг лъала жидерго лъимал лъалебгIан лъикI. Тавраталда ва Инжилалда гьесул мухIканал сипатал рицун рукIун. Гьедин бугониги гьезул цо къокъа хIакъаб жо бахчулел руго, жудеда гьеб лъалебги букIадго.**

Жидер ханлъи, къадро кIодолъи, жидее бугеб магIишатияб кумек тIаса ине бокьичIого, гьел капурлъулел руго хIакъаб жоялда инкар ккун, жидеда нахърилълъаралги капур гьарулел руго. Гьал руго жидер дарамалъе къарал, чIорого хутIарал гIадамал: дунялалда бугеб дагьаб рахIат босарал, ахираталда букIине букIараб алжанги кьун ва жужахIалъе жалги хIакълъарал.

Гьаб аяталда жаниб жинда кантIизе рекъараб кIиго жо буго.

**<u>ТIоцебесеб буго</u>:** ГIумарасхIабас (гIв) ГIабдуллагь бину Саламида (гIв) гьикъана (аварагасда иман лъун гьесда нахъвилълъарав Мадиналъул ягьудиязул гIалим вуго гьав): «Дуда МухIаммад лъалищ дурго вас лъалеб хIалалъ?»-абун. ГIабдуллагьица абуна: «Жегиги цIикIкIун ва лъикI лъала дида гьев МухIаммад ﷺ! Зобалазул жинда божулев Жабраил (гIв) рештIана ракьазул жинда божулев Мусада (гIв) гьев аварагасул сипатал рицун. Гьездалъун дида гьев лъана ва дун щибго шаклъи гьечIого гьев авараг вукIиналда божарав вуго»-абун.

Цинги ГIумар (гIв) асхIабас ГIабдуллагьил (гIв) бетIералда убач гьабуна.

**<u>КIиабилеб буго</u>:** Аллагьас (**عز وجل**) ягьудиязул ва насраниязул гIалимзабада цоги умматалъул гIадамазда чIвалелдаса цIикIкIун гIайиб чIвалеб буго, гьез хIакъаб жо лъан хадуб гьелда инкар гьабулеб бугелъул ва гьеб бахчулеб бугелъул. Жидеда лъараб гIелму бахчулел киналго гIалимзабазе бугеб хIинкъи кьей буго гьаб. Гьелда тIоритIел гьабулел аварагасул хIадисалги руго.

**I47. Гьаб дуда вахIю гьабураб жо диналъул ва къиблаялъул хIакъалъулъ, Аллагьасул (**عز وجل**) рахъалъан бугеб хIакъаб жо буго, мун гьелда шакдарулездаса вукIунге.**

**I48. Щибаб умматалъе жидер къибла буго. Нуж киналго лъикIлъи гьабизе цере кколеллъун рукIа, я гьаб МухIаммадил ﷺ уммат. Нуж кире ругониги, кигIан ракIкIадал ракьазда ругониги, БетIергьан Аллагьас (**عز وجل**) нуж хIисаб-суал гьабине данде гьарине руго. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь кинабго жоялда жиндир хIал кIолев, жиндие бокьараб жо гьабулев вуго.**


**I49. Мун киве сапаралъе унев вугониги, кире нуж щваниги, как балеб мехалъ нужер гьумер ва черх КагIбаялъул рахъалде буссинабе. Гьаб къибла сверизабиялъул амро Аллагьасул рахъалъан багеб хIакъаб амро буго. тIадегIанав Аллагь нужеца гьабулеб жо жинда лъаларев гьечIо.**

**I50.** Гьанжеги Аллагьас абулеб буго: **Нуж кирехун сапаралъ унел ругониги нужеца как бай масжидул хIарамалъул рахъалда руссун. Кире нуж чIун ругониги, гьенибги как бай добго масжидул хIарамалъул рахъалда руссун: гIадамазул нужеда гIайиб чIван кIалъазе рес гьечIого букIине. Гьел капуразул, мушриказул гIорхъолъа рорчIарал, жидеца цониги жо къабул гьабуларел гIадамал щиб бицунги нужеда къацандизе руго. Нужеца гьезул кIвар гьабуге ва нуж гьездаса хIинкъуге, дидаса хIинкъа нуж. Гьаб къибла нужер кIудияв эмен Ибрагьимил къиблалъун букIараб кагIба рукъалдехун ссверинаби нужее дир нигIматал тIуразари буго ва дир рахъалъан нужее бугеб хиралъиги буго. Гьаб амро гьадин бугелъул нуж битIараб нухда тIоритIун ккей ва гьелда хьвади мурадги буго.**

**I5I. Нужее нигIматал тIуразарун къибла сверизабуна дица нужедаго гьоркьосан расулги ﷺ витIаравгIадин, нужее дир Кьурьаналъул аятал цIалулев, нуж купро-ширкалъул чороклъиялдасаги рацIцIад гьарулев, нужеда хирияб Къурьаналъул ахIкамалги ва бацIцIадаб суннатги лъазабулев ва жегиги гIемерал, церехун нужеда лъалел рукIинчIел диналъул ва дунялалъул ахIкамал нужеда лъазарулев.**

**I52.** Дица нужее гьал кIудиял нигIматал кьун ругелъул **нужеца дун рехсе дие тIагIат гIибадат гьабун, дир амро нагью тIубан, дица нужги рехсела нужее гIемераб кири гьабун, нужер мунагьал чурун. Ва нужеца дир нигIматазе щукро гьабе, гьел нигIматал дир рукIин лъан, гьезда данде рецц гьабун. Нужеца гьел нигIматазда инкар ккоге ва нужеца гIасилъабиги гьаруге.**

**53. Я гьал иман лъурал гIадамал, нужеца дунялалъул ва ахираталъул умуразулъ сабро гьабиялдалъун ва какал раялдалъун квербакъи тIалаб гьабе. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жидеца сабро гьабулел гIадамалгун цадахъ вуго.**




**I54. Нужеца абуге я гьал муъминзаби, Аллагьасе гIоло гъазават гьабулаго шагьидлъун ккарал гIадамал хун ругин абун, гьел шагьидзаби чIаго руго, амма нужеда гьеб лъаларо.**

**I55. Дица нужер хIалбихьи гьабила я гьал муъминзаби, дагьабго жоялдалъун: хIинкъиялъул рахъалъан, яги ракъизарун, яги къечезарун, яги нужер боцIи тIаса ине гьабун, нужее вокьарав чи хвезавун, нужер пихъал дагь гьарун. Гьаб хIалбихьи гьабураб мехалъ жидеца сабро гьабурал гIадамазе дуца кIудияб рохел бице МухIаммад ﷺ:** ахираталда кири ва алжан букIине бугин абун.

**I56. Гьел гIадамазда бице рохел, гьезда цо къварилъи щвараб мехалъ абулел: «Ниж, нижер хъизам боцIигун цадахъ Аллагьасул милк буго,** жиндие бокьараб хIукмо нижее гьабулев ва жиндие бокьухъин гьеб хIукмо тIубазабулев. **Ахираталда ниж киналго гьев Аллагьасде руссине руго** хIисаб мизан ва жаза гьабизе» - абун

**I57. Гьал муъминзаби руго жидеда Аллагьасул цIоб рахIмат бугел ва Аллагьас жал реццарал. Гьел руго хIакъаб нухда тIоритIаралги.**

**I58. ХIакълъунго Сафа ва Марва Аллагьасул диналъул гIаламатаздаса руго, гьелдалъун Аллагьасе гIибадат гьабулел. Щив чи вугониги жинца КагIба рукъалда хIаж гьабун яги гIумра гьабурав, гьев чиясе мунагь, къварилъи гьечIо гьеб кIиялдаго гьоркьов жив хьвадунилан. Паризаял гIамалал гьарун хаду суннатал гIамалал тIаде цIикIкIинаруни, гьесул гIамалалда данде гIемер кири гьабулев вуго Аллагь (عز وجل) ва инсанас гьабулеб кинабго гIамал жинда лъалев вуго,** щивниги чиясе кири мукъсан гьабуларо.


**I59. Дица рештIинабураб хIакъаб тIоритIелги, баянал гIаламаталги жидеца рахчулел гIадамал, Дица гьеб жидехъе кьураб тIехьалда жаниб баян гьабун букIун хадуб, гьел гIадамал руго Аллагьас жиндир рахIматалдасан рикIкIад гьарулел** ва малаикзабазги, гIадамазги жал рикIкIад гьарулел **ва жидее нагIана кьолел;**

**I60. жидеца тавбо гьабун квешаб гIамал тарал, жидер квешаб гIамалги лъикIалда сверизабурал, ва жидеца бахчунеб букIараб жоги загьир гьабун баян гьабурал, - дица гьезул тавбо къабул гьабула, дун гьезда тIасаги лъугьуна, гьездаги гурхIула. Дун цIакъ гурхIулев ва цIакъ тавбо къабул гьабулев вуго.**

**I6I. ХIакълъунго Аллагьасдаги (عز وجل) гьесул расулаздаги ﷺ, гьесул диналдаги инкар ккурал,** тавбо гьабичIого, иман лъечIого купруялда жалги хварал, **- гьезда Аллагьасул ццим бахъи буго, киналго малаиказул ва гIадамазулги ццим бахъиги буго. Аллагьас гьел жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьарула, гIадамаз ва малаиказ гьезие лагIнат ахIула. (проклятие нагIана).**

**I62. Даимго рукIинелъун жужахIалда лъугьинарула, гьезие щибго гIазабги бигьа гьабуларо, ва гьел жужахIалда къотIине нахърахъун толаро.** ай, дунялалдаса ратIалъаралго жал гIазабалъулъ ккола. ЛагIнат кьей абураб рагIиялъул магIна буго квешаб дугIа гьаби: дуе нагIана батаги абураб рагIиялъул Аллагьасул цIим бахъаги дуда абураб магIна гьабизе бегьула. Гьаб рагIи бусурманчиясул кIалдиса къватIиб гIумруялъго бачIичIониги гьесда кIал гьикъи букIине гьечIо ва шаргIалда какараб жо буго лагIнат кьей. Киниги гIаммаб хIалалъ капуразе ва мушриказе лагIнат кьей бегьизабун буго: гьез жал рижарав, хьихьулев, хвезарулев БетIергьанасда инкар ккун бугелъул ва жалго жидеца лагIнаталъе мустахIикъаллъун гьарун ругелъул. Цо пуланав (жив лъалев) капурчиясеги лагIнат кьечIого лъикI буго: гьесул ахир кин кколеб Аллагьасда гурони лъаларелъул.

**I63. ХIакълъунго нужеца жиндие лагълъи гьабизе хIакъав Аллагь (عز وجل) цо Аллагь вуго, жив гурев цоги гьечIев,** жинда релълъарав щивго гьечIев жиндир черхалъулъ ва сипаталъулъ ва пишабазулъ. **Кинабго гIаламалда жив гурхIулев, гьезие нигIматал кьолев ва дунялалдаги ахираталдаги муъминзабада жиндир гурхIел гIемерав.**




**I64. ХIакълъунго гьал зобал-ракьал,** гьезда жанир ругел гIажаибал махлукъалгун цадахъ, **рижиялъулъ ва сордо-къо цоялъ цояб хисиялъулъги, гIадамазе мунпагIат бугеб жоялдалъун ралъдада тIад гамул хьвадиялъулъги:** даран базар гьабизе ва ралъдал нигIматал росизе**, Аллагьас (عز وجل) зодисан цIад рештIинабиги, гьелдалъун бакъван, хур-хер гьечIого букIараб ракь чIаго гьабун, гьелда тIад боцIуе, ва гIадамазе хур-хер, пихъал рижизариги, гьеб ракьалда тIад гIемерал батIи-батIиял рухI чIаголъаби тIиритIинариялъулъги буго кIудияб хIикмат. Жиндир амруялда рекьон, квегъун, зобал-ракьазда гьоркьор накIкIал хьвадинариялъулъги, жиндиего бокьухъин гьури хисинабиялъулъги: гIуж хисинабун, рахъ хисинабун, - кIудиял гIаламатал руго Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулел, жидеда жо бичIчIунел ва гIакьло бугел гIадамазе.**

**I65. ГIадамаздаса цо къокъа буго жидеца Аллагьги (عز وجل) тун, жидее лагълъи гьабизе алагьзабилъун хъанчал ва гIадамал кколел. Муъминзабазе Аллагь вокьулев гIадин жидее гьел рокьулел ва гьезие лагълъи гьабулел. Киниги жидеца цохIо Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабулел, гьесда иман лъурал гIадамал жидее Аллагь (عز وجل) вокьин цIикIкIарал руго гьел мушриказдаса. Гьал купру-ширкалдалъун жидер напсазе зулмо гьабулел гIадамазда лъалебани кинабго къуват ва къудрат Аллагьасда кодоб букIин ва ахираталда жидее гьабулеб гIазаб цIакъ гучаб букIинги, гьезда лъалаан кинаб къварилъи ва захIматлъи гьез жидерго напсазе гьабизехъин бугебали.**

**I66. Дунялалда жал церехъабилъун рукIарал, жедеда хадур гIадамалги рилълъарал ва жидеца гьел къосинеги гьарурал гIадамаз инкар ккола жал нахърилълъун рукIарал гIадамаздаса. Гьел киназдаго бихьула Аллагьасул гучаб гIазаб ва гьеб гIазаб бихьидалго щивав жиндир напсалда машгъуллъун цо-цаздаса руссуна, ва гьезда гьоркьор рукIарал бухьеналги къотIун ккола.**

**I67. Цинги жалнахърилълъун рукIаразги абула: «Нижее дунялалда тIад руссине рес букIарабани, нижецаги инкар кквезе гьел ниж къосинарурал гIадамазда, гьез нижеда инкар ккураб гIадин ва цохIо Аллагьасе лагълъи гьабизе» - абун. Гьедин Аллагьас (عز وجل) гIадамазда бихьинабула жидер квешал гIамалаздалъун гьезда бачIунеб къварилъи, ва Аллагьас (عز وجل) гьел жужахIалъе хIакъ гьарун, гьенире рехун хадур, къватIире рахъунелги гьечIо.**

**I68. Я гьал гIадамал! Нужеца гьаб дунялалда ругел нигIматаздаса кванай, гьел нигIматал нужее хIалалаллъун рукIун ва нужер черхалъе ва гIакълуялъе зарал гьабуларелги рукIун. Ва**

**нуж нахърилъзе шайтIаналъул нухазда. ХIакъзе гьеб шайтIан нужер хIакъаб, баянаб тушман буго.** Дунялалда ругел нигIматал Аллагьас киназего гIам гьарун ругелъул ва кинавниги чи жиндие ризкъи кьолев, жив хьихьулев вугелъул, ТIаднгIанав Аллагьас (**عز وجل**) киназдаго гIаммаб хитIаб гьабун абулеб буго нужеца нигIматаздаса кванай абун. Гьел хIалаллъун рукIун абураб рагIиялъул магIна буго: Капурчияс нигIматал кваназе рукIин загьиралда, нилъеда бихьулеб бакIалда гьесие хIалалал ругеб гIадин. Амма ахираталда гьесие гIазабалъе рукIуна гьел: гьел нигIматал жиндие кьурав БетIергьан лъачIелъул ва гьесие шукруги гьабичIелъул.


Жинда Аллагь разилъаяв СагIдо бину абу-Вакъас асхIабас Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: *«Дие дугIа гьабе дун Аллагьас (**عز وجل**) дугIа къабулаздаса гьавеян»- абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я СагIдо (ра)! Дуца квналеб квен хIалалаб тIалаб гьабе, мун дугIаялъе жаваб кьолевлъун вукIине вуго. Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасдалъун гьедула дун: цо чияс цохIо лукъмат (кесек) хIарамаб жо ургьибе рехараб мехалъ, гьесул кIикъого къоялъ гIамал къабул гьабуларо. Цо чиясда хIарамаб жоялъул гьан черхалда бижараб мехалъ, гьесул гьан жужахIалъе мустахIикьаб букIуна»-* абун.

**I69. ХIакълъунго гьеб шайтIаналъ нужеда амру гьабула кинабго квешаб, къабихIаб жоялдалъун, ва гьелъ нуж Аллагьасул (عز وجل) хIакъалъулъ нужедаго лъалареб жо бицине тIамула.**

**I70. Гьел мушриказда абураб мехалъ нуж Аллагьас (عز وجل) рештIизабураб Къуръаналда нахърилъла абун, гьез абула: ниж нахърилъун руго умумуз гьабулеб батараб жоялда абун. Гьезу умумал щибго жо лъаларел ва битIараб нухда тIоритIичIел ругониги, гьезда нахъищ гьал мушрикал рилълъунел?**

**I7I. ХIакъаб жоялда инкар ккурал капурзабазул мисал буго: гьезда ахIулев,** гьел Къуръаналда рачунев **чи вукIуна хIайваназда ахIулев вехьасда релълъун: жидеда щибго жо бичIунарел, ахIулеб гьаракь рагIи гуреб.** Аллагьасул калам Къуръанги, гьелъул мухIканал, гъваридал хIужабиги капуразда рагIулел ругониги, гьел рекIелъ риччалел гьечIо ва жидее гьезул щибго мунпагIатги гьечIо. **Гьел хIакъаб жо рагIунарел гIинкъал, битIараб нух бихьунарел беццал, ва хIакъаб жаялдалъун кIалъазе лъаларел руго ва жидеда хIакъаб жо бичIунарелги руго.**




**I72. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца кванай дица нужее кьураб ризкъиялъул гьуинаб, лазатаб, хIалалаб тIагIам. Ва нужеца Аллагьасе (عز وجل) шукруги гьабе гьел нигIматал нужее кьурав ва нуж иманалда тIоритIарав, нужеца гьабулеб гIибадат цохIо Аллагьасе гьабулеллъун нуж ратани.**

**I73. ХIакълъунго нужее хIарам гьабуна капурго хвараб жо, биги хIарам гьабуна, болъонил гьанги хIарам гьабуна. Гьединго хIарам гьабуна Аллагьасул цIаралдалъун гьечIого цоги щиб бугониги жоялъул цIаралда, гьеб кIодо гьабун хъураб жо. ХIарамаб сапаралда гьечIев, цIогьодизе, гъачагълъи гьабизе къватIив вихьинчIев, жиндие кваназе хIалалаб жо швечIого вакъун гьалаглъизе гIагарлъарав чи, - гьесие мунагь гьечIо жиндир рухI хвасар гьабине хIарамаб жо кванани. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго.**

ТIадегIанав Аллагьас бусурбабазе кваназе хIарам гьабураб жоялъул гIемерисеб: би, капурго хвараб жо, болъонил гьан, гьеб инсанасе заралияб жо букIин гIелмуялъ тасдикъ гьабичIониги лъалеб жо буго. Капурго хвараб жо ва би буго жинда жанир гIемерал микробал ругеб, жиндалъун кинабго унти

тIибитIулеб жо. Болъонил гьан кванаялдалъун бахулеб загьираб унти буго бакьазда жанир хIапараби (ленточные глисты) лъугьи ва нервабазул унти загьирлъи.


Аллагьас (عز وجل) болъонил гьан хIарам гьабиялда жаниб цогиги хIикмат буго, гьеб болъон цIакъ тIабигIат-гIамал чорокаб, жинца кваналеб жоги чорокаб хIайван букIин. Гьеб чороклъиялдалъун инсанасул черхалъе асар лъугьула ва гьесул ракI къасваталъул цIола. (Къасват буго ракI согIлъи, гьеб хъачIаб залимаб, гурхIел гьечIеб лъугьин). Гьединаб рекIелъ иман лъугьуларо ва гьеб ракI абадиялъ жинца иман лъезеги гIагарлъуларо.

Гьебго магIна буго Аллагьасул цIаралдалъун гьечIого хъанчазул ва цогидаб жоялъул цIар рехсон хъураб жо кваназе хIарамаб букIиналъулги. Чияр боцIи-мал хIарамаб нухалда кваналев чиясул ракIилъ иманалъул нур букIуларо, гьес гьабураб гIибадатги Аллагьас (عز وجل) къабул гьабуларо, гьесул дугIаялъе жавабги кьоларо.

**I74. Ягьудиязул ва насраниязул тIехь цIалулел гIадамал, Аллагьас (عز وجل) рештIинабураб тIехьалдаса цо-цо жо бахчулел ва гьеб бичун, гьелъухъ цIакъго дагьаб дунялалъул боцIи босулел: гьез кваналеб, гьезул чехьалда жаниб бугеб жо жужахIалъул цIа гурони гьечIо. Гьал гIадамазда къиямасеб къоялъ Аллагь кIалъаларо, гьезда ццим бахъун гурони, мунагьаздаса жалги рацIад гьаруларо ва гьезие жинца унтинабулеб даимаб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**I75. Гьал гIадамал руго жидеца Аллагьасул (عز وجل) тIоритIелги бичун гьелъухъ къосин босарал:** иманги бичун купро босарал. **Гьелъул хIасилалда Аллагьасул мунагьал чури ва гурхIелги бичун абадияб гIазаб босарал. ГIажаибаб жо гьечIищха кигIан сабро кIудиял гIадамал ругел гьал жужахIалъул цIа хIехьезе кIолел?** ай кIоларо гьезда жужахIалъул цIа хIехьезе, гьел руго ахIмакъал гIадамал.

**I76**. Капуразе ва мушриказе гIазаб щай гьабулеб абуни: **Аллагь (عز وجل) вукIиналъе гIоло жинца гьезда тIехь рештIинабурав, жинда жаниб хIакъаб дин бугеб.** Цинги гьез хIакъаб жо бахчана ва сверинабуна. **ХIакълъунго тIехь цIалулаго гьелъул магIна гьабиялъулъ жал хилиплъулел гIадамал, хIакъаб жоялдаса ва битIараб нухдаса цIакъ рикIкIад ругел руго.** Жидеего бокьун гьабула гьез мекъаб магIна.




**I77.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго**: Кинабго лъикIлъи гьечIо цохIо как баялда жаниб: бакь баккуда руссун баниги, бакъ тIерхьуда руссун баниги. ХIакъикъияб ва камилаб лъикIлъи буго Аллагьасда (عز وجل) ва ахир къиямасеб къоялда, малаикзабада, Аллагьасул тIахьазда ва аварагзабада иман лъеялда жаниб. Гьебгун цадахъ жидеца боцIиги садакъаде кьолел, гьеб боцIи жидее цIакъ бокьулеб букIингун цадахъ, гьелда хIажатал гIагарал чагIазе, хадуб мискин-пакъиразе, эбел-эмен гьечIел ятимзабазе, сапаралда ругел гIадамазе, гьарун вачIарав чиясе, лагъ тархъиналъе кумек гьабунги. Ва жидеца хIукъукъал тIубан кинабго паризаяб какги балел, боцIудаса закатги кьолел, цо къотIи гьабураб мехалъ гьеб къотIиги тIубазабулел. Жидеда кинабгIаги къварилъи, захIмалъи тIад бачIараб мехалъ**: пакъирлъи, унти ва цогидабги, ва гъазаваталда рагъизе араб мехалъ **саброги гьабулел. гьал тIадехун рицарал сипатал жиделъ ругел гIадамал руго жидер иманалъулъ ритIухъал, иман камилал ва Аллагьасдаса жал хIинкъулел муъминзаби.**

**I78. Я гьал иман лъурал гIадамал! Аллагьас (** عز وجل**) нужеда къисас боси тIад гьабулеб буго: узденав (хIурияв) чи чIвала, гьес жинда релълъарав узденчи чIвараб мехалъ ва узденай чIужугIадан чIвараб мехалъ. Лагъ чIвала жинца лагъ чIвараб мехалъ,** гьединго узденав чи чIвараб мехалъги. **ЧIужугIадан чIвала жинца чIужугIадан чIвараб мехалъ,** ва бихьинчи чIвараб мехалъ. **Нагагь цо**

**чияс къисас босиялдаса вуссун жиндие дият кье абуни, гьеб дият кьезе ккола шаргIалъ бихьизабураб хIалалъ ва бихьизабураб заманаялъ.** дият кьечого нахъе бахъун тезеги бегьуларо, гьалдасанги хехго кье абун жинца дият босулев хадув чIун, жидеца кьолезе къварилъи гьабизеги бегьуларо. **Гьеб къисасги тун дият босине бугеб хIукму Аллагьас (عز وجل) нужее гьабулеб бигьалъи буго, ва нужеда бугеб гурхIелги буго: Цин жив къисас босиналдаса вуссарав чи хадув тIад вуссун къисас босине лъугьани, гьев чиясе жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**I79. Нужее гьеб къисас боси парз гьабиялъулъ ва къисас боси шаргIияб хIукму букIиналъулъ чIаголъи буго, я гьал гIакъло бугел гIадамал!** Цо чиясда лъадалго жинца инсан чIвараб мехалъ гьесда данде живги чIвалевлъи, гьев чи нахъе къала жиндир вахIщияб, зулмуяб пикруялдаса. Гьелдалъун гьав чияс дов чи чIвайги тола, досда данде гьав чIвазе вукIарав, гьавги чIаго хутIуна. Гьаб буго «Къисас босиялъулъ нужее чIаголъи буго»-абураб рагIиялъул магIна.

**Нуж Аллагьас (عز وجل) хIарам гьарурал жалаздаса рикIкIалъун, гьесул цIим бахъи, гIазаб нужеда щвеялдаса хIинкъун ва цIунун рукIизе бокьун буго Аллагьасе.** Муса (гIв) аварагасул умматалъе хIукму букIана цо чияс цогидав чIвараб мехалъ къисас боси, тIокIаб батIияб жо букIинчIо.


ГIиса (гIв) аварагасул умматалъе букIана тIаса лъугьун тей, къисасги букIинчIо диятги букIинчIо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул умматалъе къисасги, диятги, тIасан лъугьун тейги лъабабго жо цадахъ кьуна Аллагьас (**عز وجل**). Гьаб цIакъ кIудияб рахIмат буго ва хIикматги буго, бигьалъиги буго.

Инсан жиндир тIабигIат- гIамал батIи-батIиявлъун вижун вугелъул Аллагьас, гьев щивав инсанасе ракIалъ босарб, гьесул иман-гIакъло щвараб бакIалдаса хIукму гьабизе виччана гьаб инсанасул чIаголъи ва хвелалда хурхараб захIматаб масъалаялъулъ.

**I80. Нужеда Аллагьас (عز وجل) тIад гьабулеб буго нужер цояв унтун хвалде гIагарлъараб мехалъ ва гьесул боцIи-малги бугони, гьев чияс шаргIалда рекъараб хIалалъ васият гьабе абун жиндир эбел-энсуе, цогидал гIагарал чагIазеги. Гьаб васият гьаби тIадаб буго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал гIадамазда.** Исламалъул авалалда букIараб хIукму буго гьаб, хадуб ирсалъул аятал рештIинаруна ва васият гьаби тIадаб бугин абураб хIукму насхо гьабуна. Кинниги васият гьаби суннатаб буго ва гьеб сах-саламат вукIадго гьабизе рекъараб буго

**I8I. Гьеб васият жинда рагIун, лъан хадуб жинца хисинабулев чи:** жиндие мунпагIат хал гьабун яги цогидазе зарал лъугьине бокьун, **гьелъул мунагь тIаде ккола гьеб хисинабурал гIадамазда: ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда лъикIабги квешабги жо рагIулев вуго ва загьирабги батIинабги жо лъалев вуго.**




**I82. Цо чи хIинкъани жинда васият гьабурав чияс хиянат гьабилин абун, яги гьев чи хатIаълъун хIакъаб жоялдаса гьетIилин абун, цинги жинца васият гьабулесдаги, жиндие васият гьабулесдаги гьоркьоб маслахIат гьабун** жинца гьезул гъалатI битIизабуни, гьезда шаргIияб къагIида малъун, **гьелдалъун мунагь букIуларо,** гьав чи лъикIлъи гьабулевлъун вугелъул. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал чурулев вуго, Жив гурхIулев ва жинца ажру-кири гьабулев вуго.**

**I83. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеда тIад кIал кквейги фарз гьабуна, нужеда цере рукIарал умматазда фарз гьабураб гIадин, нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъараллъун рукIине ва ахираталда нужее кири цIикIкIине.**

**I84. РикIкIарал къоял руго нужеца кIал кквезе фарз гьабурал.** Нужеда гурхIун дагьал къояз кIал кквей тIад къан тун руго. **Нужер цоял унтун ругони, яги сапаралда ругони, гьезие ихтияр буго гьел къояз кIал биччазе ва гьезул бакIалда цоги къояз кIал кквезе. Гьеб кIал кквей цIакъго захIматлъулел гIдамазе ихтияр буго кIал биччан тезе ва цо къоялда цебесан цо мискин чиясе тIагIам кьезе. Гьаб тIагIам цIикIкIун кьурав чиясе гьеб лъикI буго ва гьесие ажроги цIикIкIун букIина. Киннигги кIалги биччан тIагIам кьеялдаса, кIал ккун рукIин цIакъ лъикIаб буго,** гьелда жаниб гIемераб кири бугелъул ва Аллагьасда (عز وجل) мутIигIлъи бугелъул. **Гьаб амру гьадин букIин нужеда лъалеб батани, нужеца кIал кквеялда тIад чIейи гьабе.**

**I85. Шагьру Рамазан буго** нужеда кIал кквезе фарз гьабураб моцI, я гьал муъминзаби! **Гьеб моцI буго жиндилъ хирияб Къуръан** ЛавхIулмахIфузалдаса **дунялалъул зобалда рештIинабураб, жинца гIадамал ва женал хIакъаб Аллагьасул нухалда тIоритIине. Жинда жаниб** хIалалаб, ва хIарамаб жо баян гьабураб ва **хIакъабги батIулабги жо батIа гьабун бицараб. Гьеб Рамазан моцI бачIараб мехалъ** гIакъилав, балугъав чияс **кIал ккве! Жив унтун кIал кквезе кIвечIев чияс, яги сапаралда вукIун кIал биччарав чиясги гьел къоял рецIун цоги къояз кIал ккве! Аллагь (عز وجل) кидаго нужее бигьалъи бокьулев вуго. Гьев нужее захIматлъи бокьулев гьечIо** ва хIал кIоларе жо гьаби тIад къалевги гьечIо. **Рамазаналдаса гIузру букIун кIал биччаров чияс гьел къоял рецIун тIубараб рамазан гIезабе. Аллагьас нуж хIакъаб диналда тIоритIун рукIиналда щукро гьабун, гьев кIодо гьавун, гьесие рецци гьабе. Ва нужеца даимго Аллагьасе (عز وجل) шукро гьабе гьесул нужее ругел кIудиял ва гIемерал нигIматазда данде.**

Рамазан мацIалъул хиралъи бицун имам АхIмадица (ра) хIадис бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:


*«Аллагьасул салам лъеяв Ибрагьим аварагасда сухIуфал решtIана Рамазан моцIалъул авалаб сордоялъ. Муса аварагасда таврат решtIана Рамазаналъул анлъго къо араб мехалъ. ГIиса аварагасда Инжил решtIана Рамазаналдасан анцIила лъабго къо араб мехалъ. Къуръан решtIана рамазаналдасан къоло ункъго къо араб мехалъ- абун.*

Гьеб Къуръан цадахъго дунялалда гIагарда бугеб зодобе рештIинабуна, байтулгIизат абулеб бакIалда, Лайлатулкъадриялъул сордоялъ. Хадуб щибаб сабаб ва хIажалъи бихьун аварагасда ﷺ Къуръаналъул аятал ва суратал росун Жабраил (гIв) хьвадана.

**I86. Дир хIакъалъулъ лагьзадерица гьикьараб мехалъ я МухIаммад ﷺ, дуца гьезда абе: ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гIагарда вугин:** Щивав чи вихьулев, гьесул гьаракь рагIулев, гьесул ракIалда бачIараб хивал - пикроги лъалев вугин. **Дида дугIа гьабулев чиясул дугIаялъе жавабги кьола, гьев чияс цохIо дида ахIараб мехалъ, ва гьарараб мехалъ. Дица дугIаялъе жаваб гьабизе бокьарал гIадамаз дир ахIиялъе жаваб гьабун дида иман лъе абе ва дие гIибадатги гьабе абе. Гьедин гьабулел гIадамал битIараб нухалда рукIуна.**

Гьаб ргIиялдаса бичIулеб буго дугIаялъе жаваб гьабизе ккани гьелъие шартIлъун букIин Аллагьасда иман лъей ва гьев разилъулеб гIамал гьаби. Аварагас ﷺ абуна:

*«Цониги бусурманчияс Аллагьасда (عز وجل) дугIа-гьари гьабураб мехалъ, гьеб дугIаялда жаниб мунагь бугеб, яги гIадамаздаса гурхIел-рахIмо къотIараб жоги гьечIони, Аллагьас гьев лагъасе лъабго жоялъул цо кьечIого толаро: гьесул дугIаялъе хеккого жаваб гьабила, яги гьесие ахираталда лъикIлъилъун, хазиналъун гьеб гьабила, яги гьесдаса цо квещIъи- къварилъи нахъчIвала»* абун.




**I87.** КIал ккурал гIадамазе хIалалаб ва хIарамаб жо бицун ТадегIанав Аллагьас абулеб буго: **нужее хIалал гьабун буго рамазан моцIалъул сардилъ руччабазда аскIор лъугьине ва гьездаса нужер хIажат тIубазе. Гьел руччабазул мисал буго нужеда тIад ретIулеб ретIелалъул, гьединго нужги гьезие тIад ретIулеб ретIелалда релъун руго:** ай нуж руго цо-цазда ракI гъурал цояз цоял рахчулел, цIунулел.

**ХIакълъунго Аллагьасда (عز وجل) лъала нужеца нужерго напсазе хиянат гьабулеб букIараблъи. Аллагь нужеда тIаса лъугьана ва нужер тавбоги къабул гьабуна.**

Гьаб ргIи абиялъе гIилла буго: исламалъул авалалда Рамазан моцIалъ чIужуялда аскIов лъугьун гьелдаса хIажат тIубай хIарам гьабун букIана. Цо-цо асхIабзаби руччабазда аскIор лъугьун гьезул хиянат кколеб букIана. Хадуб гьаб хIарамлъи насхо гьабуна ва Аллагьас (عز وجل) абулеб буго:

Гьанже нужее изно буго руччабазда аскIор лъугьине ва нужее лъимер лъугьин тIалаб гьабизеги. Ва нужеца квенги кванай, лъимги гьекье, нужее бакъ баккул рахъалъан **чIегIерлъиги нахъе къан рогьалил хъахIаб мохъ биккинегIан. Цинги нужеца кIал ккве** кIал хвезабулеб жоялдасанги цIунун **къаси сордо бачIинегIан. Нуж масжидалда жанир Аллагьасе (عز وجل) тIагIат гьабизе игIтикафалда чIун ругеб мехалъ нужеца руччабаздехун хурхен гьабуге.**

Гьаб хIукму къаси бугониги къад бугониги батIалъи гьечIо. ИгIтикафалда вугев чи дунялалъул лазат босулев вукIунаро.

**Гьал тIадехун рицарал масъалаби Аллагьасул (عز وجل) гIорхъаби руго, нуж гьел гIорхъаби хвезариялда аскIорго къаге. ТIадегIанав Аллагьас иман лъурал гIадамазе гьадин баян гьаруна жиндир аятал, гьел Аллагьасдаса хIинкъизе бокьун ва гьесул амру-нагью тIубан хьвадизе бокьун.**

Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*лъабго чи вуго жиндир дугIа нахъе чIваларев: жиндир гIадло битIарав имамги, жинца кIал ккурав чиги, гьеб кIал бихизегIан, жиндие зулму гьабурав чиясул дугIаги»*-абун (хIадис къокъ гьабун хъвана)

Рамазан моцIалъ садакъа-хайрат гIемер гьаби, мискин-пакъиразе кумек гьаби, ятимазда гурхIел гьаби жинда тIад чIчIей гьабизе рекъараб лъикIаб гIамал буго. Рамазан моцI муъминчиясе щвараб хур ва барщараб пихъ бакIарулеб заманалда релълън буго: жиндилъ лебаллъи ва хехлъи гьабизе кколеб, дагьавниги тохлъани жиндие щолеб гIемераб лъикIлъи борчIун кколеб. Аллагьас (عز وجل) тавпикъ кьеги лъикIаб гIамал гIемер гьабизе. Амин.


**I88. Нужеда гьоркьоб бугеб боцIи кванаге батIулаб, хIарамаб нухалда. Ва нужеца гьеб боцIи хIакимзабазе ришваталъеги кьоге гьелдалъун нужеца цо гIадамазул боцIи нужее щвеялда нух бачун, ва гьеб боцIи хIарамаб хIалалъ кваназе бокьун. Гьаб амру гьадин букIин нужеда лъалебги букIадго.** «Кванге» абураб ргIи боцIи хвезаби, хIалтIизаби мурадалда буго, кин гьеб боцIи харж гьабуниги.

**I89.** Мадинаялъул агьлуялъ аварагасда ﷺ гьикъана гьаб моцI цин тIеренлъун, цинги гургинлъун щай букIунеб ва гьеб бакъ гIадин цохIо хIалалъ щай букIунареб абун. Аллагьас (**عز وجل**) абулеб буго: **Дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ моцIалъул хIакъалъулъ. Дуца гьезда абе: гьеб моцI буго гIадамазе гIужал лъазе бугеб ва хIажалъул заман лъазеги бугеб**. Гьелдалъун нужеда кIал кколеб моцIги лъала, цогидал гIужалги лъала.

Жагьилияб заманалъ Мадинаялъул гIадамаз хIеж бухьараб мехалъ гьел рукъзабахъе лъугьулел рукIинчIо рагьдухъан, гьез тIохдасан яги гордухъан нух гьабулаан рокъоре лъугьизе. ТIадегIанав Аллагьас гьеб жагьилаб хIукму ва гIадат хвезабун абулеб буго:

**Шибго лъикIлъи ва маслихIат гьечIо нуж рокъор жанир рукъалъул мугъаб рахъалъан яги гордухъан лъугьиналда жаниб, киннигги лъикIлъи буго нужеца гьабулеб гIамал Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун, гьесдаса хIинкъун гьабуни. Нуж рокъоре лъугьа рагьдухъан, ва нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа, нужер лъикIлъиялда квершел батизе буго.**

**I90. Ва нужеца Аллагьасул (عز وجل) нухалда,** исламияб дин тIадегIан гьабизе, **рагъ гьабе нужеда рагъулел Аллагьасул тушбабазда. Амма нужеца рагъ байбихьуге. ХIакълъунго Аллагьасе рокьуларо жидеца зулмо гьабулел ва жидеца рагъ бай бихьулел гIадамал.** Нужеца Аллагьасул гIорхъаби хвезаругеян абураб магIнаги гьабуна цо гIалимзабаз.




**I9I. Нужеца мушрикал ва капурал чIвай нужеда гьел кире ратаниги:** Макка ва Мадинаялъул хIарамалда рукIа ва хIалалаб бакIалда рукIа. **Ва нужеца гьел жидер ватIаналдаса къватIирги рахъинаре, гьез нуж Маккаялдаса къватIире рахъинарурал гIадин. Гьел капураз ва мушриказ муъминзабазул диналъе гьабулеб питна гучаб буго гьезда Мака хIарамалда рагъ баялъул мунагьалдаса. Макка хIарамалда аскIоб нужеца гьезда рагъ бай бихьуге, гьел мушриказ рагъ бай бихьун хадуб гурони. Гьез нужеда рагъ гьабулеб бугони нужеца гьездаги рагъ гьабе. Гьаб буго капурзабазе бугеб жаза.** Гьаб жаза аврагасул ﷺ заманалъ рукIарал капурзабада хасаб гьечIо. Аллагьасул тушбаби муъминзабазул тушбаби руго ва гьездахун гьудуллъи ва ракIрекъей букIине бегьуларо.

**I92. Гьез исламияб дин босани, рагъ гьабиги тани нужеца гьел те. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчунев ва тавбо къабул гьабулев вуго.**


**I93. Нужеца мушриказда ва капуразда рагъ бай гьезул къуват хвезегIан, гьелги къезегIан ва ракьалдаса купро-ширк тIагIинегIан. Ракьалда тIад жиб загьираблъун ва бергьараблъун цохIо исламияб дин хутIинегIан. Гьез купру-ширк тани, бусурбабазда рагъ баялдасаги руссани ва жиерго ракьалда, жидерго рукъзабахъ чIун ругони, - нужеца гьезда тушманлъи гьабуге, гьезие зулмуги гьабуге. ХIакълъунго тушманлъи ва тIаде кIанцIун рагъ гьабизе ккола, жидеца зулму гьабулел гIадамазда.** ай жидеца бусурбабазул ракьал рахъунел, гьезда тIад Аллагьсул (عز وجل) хIукмо-динги хвезабун жидер къанунал лъолезда.

**I94. Рагъ хIарамаб моцIалъ мушриказ рагъ гьабуни нужецаги гьезда рагъ гьабе ва нужее гьабуралда релъгьараб жазаги гьабе. Аллагьасул гIорхъаби хвезаруздаса къисасги босе. Гьел моцIазда жаниб жидеца нужедахун тушмнлъи гьабурал, нужеда рагъ гьабизе тIаде рачIарал мушриказе ва капуразе гьез нужее гьабуралда релъгьараб жаза гьабе:** гьеб рагъ Макка хIарамалда бугониги цоги хIалалаб бакIалда бугониги щибго батIалъи гьечIо. **Ва нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа гьес изно кьечIеб жо гьабине ва гьес рагъ хIарам гьабурал моцIазда жаниб рагъ байбихьинеги. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндаса хIинкъаралгун цадахъ вуго.**

**I95. Ва нужеца нужер боцIи-мал Аллагьасул (عز وجل) нухалда кье. Нужеца нужги нужер магIишатги гIадада хвараблъун, жиб гьалагльулеблъун гьабуге:** Аллагьасул нухалда гъазаватги

гьабичIого, гьениб нужер боцIиги кьечIого нуж чIараб механъ нужер тушман нужедаса бергьуна ва гьес нуж къезарула, нужее зулму гьабун нуж гьалаг гьарула. Гьаб жо нужеда бичIа ва **нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъикIаб гьабе, хIакълъунго Аллагьасе лъикIлъи гьабулел гIадамал рокьула** ва гьел жинда гIагар гьарурал, жинца тIаса ришараздасаги гьарула.

**I96. Нужеца хIажги гIумраги шаргIалда рекъон гьабе. Нагагь нуж хIаж гьабиялдаса нахъчIвани, цо сабабалъе гIоло:** унтун, тушманас нух ккун, **нужеца хIаж бичинелда цебе нужер хIалкIвараб гьадю (сайгъат) хъве: Ва нужеца хIаж бичун ботIрол рас кIкIваге,** ва цоги хIаж бухьиналдалъун хIарамлъараб жоги гьабуге, **гьеб гьадю хъун щвезе кколеб бакIалда щун гурони. Нагагь нужер цояв унтун вугони, яги гьесул бетIералда зарал кколеб жо бугони:** нацI бан, ругънал рукIун**, ва гьев чияс бетIерги кIкIвани, гьасда тIад гIакIа буго жиндие хIал кIвараб жо гьабизе лъабго жоялда гьоркьосан: лъабго къоялъ кIал кквей, яги анлъго чиясе квен кьей, яги цо чахъу хъвей. Нуж сах-саламат хIажалдаса нахъчIвачIого хIаж гьабулеб бакIалда щвараб механъ, нужер хIажги гIумраги цадахъ бухьарав чи вугони, гьес цо чахъу кьела гьадю. Нагагь чахъу хъвезе кIвечIев чияс лъабго кIал хIажалда вукIадго квела, ва анкьго кIал рокъов щвараб механъги квела: гьаб анцIго кIал буго гьесда тIадаб жо. Гьаб тIадехун бицараб хIукму буго жив масжидул хIарамалда аскIов гIумру гьабун гьечIев, къватIиса вачIарав чиясе.** Нужер кинабго гIамалалъулъ **нуж Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъа** ва кинабго гIамал шаргIалда боцун, Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьабе. **Нужедаги лъай хIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (**عز وجل**)** жиндир амруялда хилиплъун, шаргIияб нух тун хьвадулел гIадамазе **гIакъуба-гIазаб гучав вукIин.**




**I97. Гьаб фариззяяб ва суннатаб хIаж гьабулеб заманаги мугIаянаб, жиб мухIкан гьабураб буго.** Гьебги Шавал моцI, Зул-къагIидат моцI ва Зул-хIижаялъул авалаб анцIго къо буго. **Гьал моцIазда жаниб жинца хIаж гьабизе ният гьабурав чи, ва хIаж бухьун, лаббайк бачун гьеб хIажалъулъ живги лъугьарав, гьев чиясе хIарамаб буго руччабазда аскIов къазе ва гьездаса жиндир напсияб хIажат тIубан мунпагIат босине. Гьединго хIарамаб буго Аллагьасда (**عز وجل**) гIасилъулел гIамалал гьаризе, гIадамалгун къецандун, цо-цазде рогьобал ран рукIине. Нужеца щиб лъикIаб гIамал гьабуниги Аллагьасда гьеб лъала, ва гьелда данде жазаги гьабула. Ва нужеца хIажалда унеб механъ цадахъ къваригIунеб жоги босе**: квен-тIех, ретIел, гIарац, ва цогидабги; нуж гIадамазда гьарулеллъун рукIунге. **Ахираталда нужее батизесеб бищун лъикIаб жо буго Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъи. Нуж дидаса хIинкъа ва кинабго гIамал дир амру-нагьюялда рекъон гьабе, я гьал гIакълудал бетIергьаби.**

**I98. Нужее щибго мунагь хIакъ гьечIо гьеб хIаж гьабулеб механъ нужеца дарам гьабун нужее хIажатаб жо бичун босун гьабиялъулъ:** ХIажалъул киналго арканал шурутIал тIубан хIаж гьабураб механъ, гьеб заманалъ дарам-базар гьабунин абун хIаж холаро ва мукъсанлъуларо. **Цинги нуж гIарафа магIардаса рехе рачIараб механъ сордо бай муздалифаялда чIун, машгIарул хIарам абулеб бакIалда Аллагьасда (**عز وجل**) дугIа-гьари гьабе, ва Аллагьасе шукру гьабун гьесул нигIматалги рехсе. Гьев Аллагь нужеца гIемер рехсе гьес нуж тIоритIун ругелъул исламалъул нухда ва** нужее тавпикъги гьабун бугелъул хIажгун гIумра гьабизе. **Аллагьас тIоритIилелда ццере нуж къосараздаса рукIана.** Иман-ислам лъаларел шаргIиял ахIкамалги лъаларел рукIана.

**I99. Цинги нуж гIарафа магIардаса гIодоре рачIа киналго гIадамалгун цадахъ. Ва Аллагьасдаса (**عز وجل**) мунагьал чури тIалаб гьабе. ХIакълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев, жив гурхIунев вуго.**

**200. ХIажалъул киналго гIамалал тIубараб мехалъ нужеца Аллагъ (عز وجل) гIемер рехсе: жагьилаб заманаялъ умумузул гьунарал рицун, гьел рещцун нуж цо-цае чIухIулел рукIаралдасаги лъикI ва гIемар Аллагъ рехсе. ГIадамазул цо къокъа буго жидее дунялалъул чIаголъи бокьарал ва ахираталдаса гьеб ццебе гьабулел, жидецаги абулел: «я нижер БетIергьан Аллагъ (عز وجل)! Дуца нижее дунялалда лъикIлъи кье» - абун. Гьал гIадамал руго ахираталда жидее щибго лъикIлъи гьечIел.**

**20I. Гьел гIадамазул цоги къокъа буго жидеца абулел: «Я нижер БетIергьан Аллагъ! Дуца нижее дунялалда лъикIлъи кье, ва ахираталдаги лъикIлъи кье, ва ниж жужахIалъул гIазабалдасаги цIуне»-абун.** Гьав чи вуго муъминчи ва гьаб къокъабго дугIаялда жаниб кинабго дунял-ахираталъул лъикIлъи гьари буго.

Дунялалъул лъикIлъаби руго: сахлъи, жиндие гIураб рукъ ва магIишат, жинда мутIигIай чIужу, иман-гIакъло бугел лъимал, ва цогиги гIемер жо буго гьелда жаниб. Ахираталъул лъикIлъаби руго: рухI бахъаралдаса хIисаб гьабулеб бакIалде щвезагIан хIинкъи гьечIого хутIи, цинги хIисаб мизанги бигьаго тIубай, алжаналда жанив лъугьин. Бищунго кIудияб лъикIлъи буго ахираталда Аллагъ (**عز وجل**) вихьулездаса вукIин.


**202. Гьал гIадамал руго дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири ахираталда жидее бугел ва ТIадегIанав Аллагъ жинца хIисаб цIакъ хех гьабулев вуго.** Муъминзабазул хIисаб цохIо бер къалебгIан заманалда гьабизе кIолев вуго Аллагъ, ва гьеб буго нилъер хьул лъолеб бакI. Нагагь хIисаб гьаби халалъани хвасарлъи цIакъ надираб жо буго, Аллагъ гурхIун, гьес тIаса лъугьун тун гурони.

==========

== Жидеда Аллагъ разилъаял ИбнугIибасидаса, ва Маликил вас Анасидаса хIадис бицана:

Бичасул расулас ﷺ абуна: ***«Адамил лъимералъе (ай инсанасе) меседил цIураб цо кIкIал бугони гьесие бокьула цогиги кIиго гьединаб кIкIал жиндие букIине. Гьесул кIал цIезабуларо ракьалъ гурони. Тавбо гьабурав чиясул тавбо Аллагъас къабул гьабула»* - абун**. ХIадис Бухарияс ва Муслимица (ра) бицана.

Гьаб хIадисалъ дунялалъул магIишат кигIан гIемер бугесеги гIолареблъи бицунеб буго. Ахират кIочон дунял тIалаб гьабулевлъун вукIин шаргIалда цIакъ какараб гIамал буго. Лагъас тавбу гьабураб мехалъ Аллагъас (عز وجل) гьесул тавбо къабул гьабула, кинал квешал сипатаздаса гьес тавбо гьабуниги.




**203. Нужеца Аллагъ (عز وجل) рехсе жал рикIкIарал къояз: Къурбан къоялъ ва гьелда хадуб лъабго къоялъги.** Гьаб буго хIажизаби минаялда рукIунеб заман. **КIиго къоялъ Минаялда чIун нахъе рачIаразда мунагь-хIакъ гьечIо. Лъабго къо Минаялда бан хадур нахъе рачIараздаги мунагь-хIакъ гьечIо. Гьал церехун рицарал хIажалъул ахIкамал руго Аллагъасдаса хIинкъун, гьев разилъи тIалаб гьабун хIаж гьабизе бокьаразе ругел. Нуж киналго Аллагъасдаса хIинкъараллъун рукIа, ва нужеда лъай, хIисаб-мизан ва жаза гьабизе БетIергьан Аллагъасде цере нуж ракIарине рукIин** ва щибаб хIарп рикIкIун, щибаб зарра рикIкIун нужер хIисаб гьабине букIин.

**204.** Гьаб аят рештIизабуна ал-Ахнас абулев мунафикъасул хIакъалъулъ. Гьес Аллагъасул свалат салам лъеяв аварагасухъе вачIун иман лъуна, ва гьесие берцинаб хабарги бицана, ва мун вокьулинги абуна. Амма гьев вукIана жанисан ракI хъубав чи. Аварагасда ﷺ аскIосан ун хадуб цо бусурбабазул хур-ах бугеб бакIалда щвараб мехалъ, гьеб хурги бухIана, гьенир ратарал хIамулги чIвана. Гьасул хIакъалъулъ ТIадегIанав Аллагъас (**عز وجل**) абулеб буго:

**ГIадамаздаса цо-цо чагIи руго дуе бокьулеб берцинаб хабар бицунел ва дунялалда дуда гьел лъикIал гIадамал ругин ракIалда кколел.** Ахираталда гьезул хIукму Аллагьасда (عز وجل) кодоб бугелъул гьесда щибго жо балъго хутIуларо.

**Жинца ракIалъ иман лъунин абун Аллагь нугIлъун чIезавула гьев чияс:** ай гьес шагьадат битIун Аллагь цо вугин абулелъул нилъеца гьев ракIалъги иман лъуравлъун тола.

**ХIакъикъаталда гьев цIакъ квешав питначи вуго, батIулаб жоялдалъун жив къацандулев.**

**205. Дуда аскIоса аравго гьев ракьалда пасалъи гьабулевлъун хьвадулев вуго, жинца хурзалги рухIун, хIайваналги чIван. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндие пасалъи бокьуларев вуго.**

**206. Гьев мунапикъасда абураб мехалъ мун Аллагьасдаса хIинкъа, ва квешаб гIамал те абун, гьев чиясулъ бугеб чIухIиялъ, ва жагьилаб ахIмакълъиялъ гьев вачунев вуго жегиги мунагьал гьариялде. Гьев чи вуссунеб ва гьесие гIейи гьабулеб бакI жагьаннама буго. ЦIакъ квещаб босен буго гьеб жужахIалъул цIа** ва гьелдаса хвасарлъи букIунаро мунафикъзабазе.


**207. Ва гIадамаздаса вуго цоги лъикIав чи ва лъикIал гIадамал, жиндир нафс бичунел Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун гьесие тIагIат-гIибадат гьабизе. ХIакълъунго Аллагь жиндир лагъзадерида гурхIулев вуго, лъикIаб гIамалалъул кири гIемерго цIикIинабулев вуго.**

**208. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж тIубанго исламалда жанир лъугьа: исламалъул цо хIукму къабул гьабун цогидаб рехун тоге.** Ислам цохIо черх гIадаб жо буго бикь-бикьун бегьулареб. **Нуж шайтIаналда нахъги рилъунге, ва гьелъие гуккизе чIоге. ХIакълъунго гьеб шайтIан нужее баянаб, хIакъаб тушман буго.**

**209. Нужехъ хIакъаб Къуръан бачIун хадурги нуж битIараб нухдаса хъуштIани, нужеда лъаеха хIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир гуч бергьарав вукIин. Ва халкъалъе гьабулеб тадбиралъулъ, жиндир пишабазулъ хIакимияв вуго.** гIададасеб жо гьабуларев, щибаб жоялда жаниб цо маслахIат, пайда букIунев.

**2I0. Гьал иман лъезе чIухIарал гIадамазе тIаде бачIине жо бугищха, къиямасеб къо бачIун, жидер хIисаб-мизан гьабизе БетIергьан Аллагь вачIин гуреб: зобалги хъвалхьун накIкIазул ргIадалъулъ вугев гIадин. (**Аллагьасул амру бачIиналда гуроян абуна таъвил гьабулел гIалимзабаз**.) Гьединго жидер рекIкIен гIемерал малаикзабиги рачIуна**. Аллагь рехсеялъул гьаракь бугел найидал тIалаялъул гьаракь гIадаб. Гьезул Аллагь (**عز وجل**) рехсей тасбихI гьаби букIуна. **Цинги хIисаб-мизан гьабун, халкъалда гьоркьоб хIукму гьабиги тIубала**: цоял алжаналда уна, цоял жужахIалда уна. **Гьаб кинабго амру БетIергьан Аллагьасде буссунеб буго.** Ва гьесда цере чIечIого щивниги чиясе ресги гьечIо.

Гьедин бугелъул Аллагь цо гьавун, аварагзаби ритIухъ гьарун исламияб диналде руссун рукIине ккела киналго гIадамал. Гьезул цоги Аллагьги гьечIелъул, гьел рижиги цохIо Аллагьасе лагълъи гьаби мурадалда бугелъул.




**2II. Дуца бануисраилазда абе МухIаммад ﷺ!** Гьезда бадиб чIвай гьабун, ва гьел мукIур гьарун: **гIемерал гIаламатал, мугIжизатал кьуна гурищ дица Муса (гIв) аварагасе, гьев ритIухъав авараг вукIиналда тIоритIел гьабулел.** Гьедин бугониги бануисраилаз Муса ритIухъ гьавичIо, ва Аллагьасда (عز وجل) инкар ккуна. **ТIадегIанав Аллагьасул нигIматал жидехъе рачIун хадуб, гьел нигIматазда иман лъечIого, купруялдалъун гьезда данде чIарал гIадамазе ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир гIакъуба-гIазаб гучав ва къвакIарав вуго.**

**2I2. Капурал гIадамазе гьаб дунялалъул чIаголъи берцин гьабун буго.** дунял бокьиялъ, ва гьелъ жал гуккун рукIиналъ, **муъминзаби жидеца махсароде гьарулел руго ва гьезда тIад релъанхъулелги руго. Амма ахираталда гьал муъминзаби жидер даража-макъамалъулъ капурзабадаса тIадегIан рукIине руго. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) жиндие бокъарав чиясе ризкъи кьола щибго хIисаб гьечIого, гIемераб ва гIатIидаб.** Капуразеги кьола ризкъи, гьеб ТIадегIанав Аллагьасе къимат гьечIеб жо букIиналъ, гIасиял пасикъазеги кьола.


**2I3. ГIадамал цо исламияб уммат букIана. Цинги гьезул иман биххине лъугьиндал Аллагьас (عز وجل) аварагзаби ритIана, иманалда чIчIаразе алжаналдалъун рохел бицунел, купру-ширк гьабуразе жужахIалдалъун хIинкъи кьолел. Гьел аварагзабигун цадахъ тIехьги рештIизабуна хIакъаб шаригIат, ва тавхIид жаниб бицараб, аварагзабаз (гIв) Аллагьасул тIехьалда рекъон гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабизе, гьел жиндилъ хилиплъараб жоялъе. Гьеб тIехьалда бугеб жоялда хилиплъиги гьабичIо жедехъе гьеб рештIарал гIадамаз гурони. Гьелги хилиплъана хIакъаб жо жидехъе бачIун хадур. Гьел хилиплъиялъе гIиллаги букIана гьезул цо-цаздехун бугеб хIал хъублъи ва тушманлъи.** Капуразул муъминзабаде бугеб тушманлъи. **ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндир цIоб-рахIмуялдалъун муъминзаби битIараб бичIчIиялде тIоритIана. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие вокьарав чи битIараб нухалда тIовитIулев вуго.**

**2I4. Нужеда ракIалдайищ кколеб, я гьал муъминзаби, нуж алжаналда лъугьилин абун, нужеда щибго къварилъи хIалбихьиги хъатIичIого. Нужеда цересел умматазда бихьараб захIмалъи ва балагь нужеда бихьичIого. Гьел умматазда цIакъ кIудияб къварилъи щвана ва гьел гучал балагьаз кIорокIана, аварагасги ва иман лъурал гIадамазги Аллагьасда (عز وجل) ахIи базегIан, ва гьел Аллагьасе хIелинегIан: «нижее квербакъи киб бугеб, гьабе нижее квербакъи» - абун. Аллагьас гьезие жавабги гьабуна: «гьале нужее квербакъи цIакъ гIагарда щун буго» - абун.**

Гьаб аяталъул магIна буго ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазул хIалбихьи гьабулеб букIин батIи-батIиял къварилъабаздалъун. Ниж муъминзаби ругин, гьаб дунялалда ниж щибго къварилъи хъатIичIого рукIине кколин, ахираталда алжаналдаги ине кколин абураб пикру мекъаб буго.

Муъминчиясул иман камиллъуларо, ва гьев унго-унгояв Аллагьасул (**عز وجل**) лагьлъунги лъугьуларо жинда тIад къварилъи-захIмалъи щвечIого, жинца гьеб къварилъиялда Аллагьасе гIоло, Аллагь разилъи тIалаб гьабун саброги гьабичIого: лъикIлъиги квешлъиги Аллагьасул (**عز وجل**) къадаралдалъун букIиналда божун.

**2I5. Дуда асхIабзабаз гьикъулеб буго я МухIаммад ﷺ! Щиб жо суннатаб садакъаялъе кьелеб ва лъие гьаб кьелеб абун. Дуца гьезда абе: «Нужеца садакъаде кьолеб жо ракI разилъун, лъикIаб кье. Гьеб нужеца кье нужерго эбел-инсуе, гIагарал гIадамазеги, мискинал, бесдалазеги, сафаралда ругезеги. Щиб лъикIаб жо нужеца гьабуниги гьеб жо Аллагьасда (عز وجل) лъала,** гьелда данде Аллагьас лъикIаб жазаги гьабула» - абун.




**2I6. Нужеда тIад фаризаяблъун гьабун буго капуразда ва мушириказда рагъ бай, кигIанго нужее гьеб бокьулареб жо бугониги.** Нужер боцIи-малги кьезе кколеб, напс гьалаглъиялда (хвеялда) хIинкъи бугеб букIун. **Ва амма цо жо нужее риханиги, гьелъул ахир нужеего лъикIаб букIине бегьула. Ва нужее цо жо бокьула, гьелъул ахир нужее квешаб букIинеги бегьула.** Нуж капурзабазул лагъалъиялда хутIула, нужер къадро-къимат инжит гьабун букIуна. **ХIакъалъунго Аллагьасда лъала кинабго жоялъул загьир ва батIин, гьелъул ахир ва хIасил кинаб букIунеб. Нужеда лъаларо загьир гурони ва гьеб загьирги якъинго лъаларо.**

**2I7. Цоги дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, жиндилъ рагъ хIарам гьабураб моцIалдаса, гьеб моцIалъулъ рагъ гьабиялдасаги. Дуца гьезда абе: Рагъ хIарам гьабураб моцIалъулъ рагъ байбихьи кIудияб мунагь буго. Ва амма гьелдаса кIудияб мунагьги, Аллагьасе (عز وجل) рихараб жоги буго: Аллагь цо гьавун авараг ﷺ ритIухъ гьавун жидеца иман лъурал, ва хIакъаб дин гьабулел гIадамал гьеб диналдаса нахъчIвай, ва Аллагьасда (عز وجل) инкар кквей. Масжидул хIарамалдаса гIадамал нахъчIвай, гьеб масжидул хIарамалъул агьлу:** хирияв авараг ﷺ, ва гьесул асхIабзаби (ра) гьенисан къватIир къотIиги, – **гьаб буго Аллагьасда аскIоб бищунго кIудияб мунагь ва зулму!**

**Бусурманчи жиндир диналдаса вуссинавун купру-ширкалъулъ ккезави буго чи чIваялдасаги кIудияб мунагь. Гьел мушрикал нужеда рагъулеллъун рукIине руго ва гьез рагъги тезе гьечIо нуж нужер диналдаса руссинаризегIан, гьелда хIал кIвани.** Гьадинал тушбаби руго нужее купарал ва мушрикал ва нуж гьезул амруялда мутIигIлъуге, гьезул зулму, къварилъи захIмалъун нужеца хIакъаб динги рехун тоге. **Нужер хIакъаб диналдаса вуссарав чи, цинги живги капурчилъун вукIун хварав, гьев вуго жиндир дунялалда гьабураб кинабго гIамалги хварав, ахираталдаги жив чIового хутIарав. Гьел гIадамал жужахIалъул агьлу буго, ва гьел даимго жужахIалда жанир рукIинеги руго.**


**2I8. ХIакълъунго Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул аварагасда ﷺ иман лъурал гIадамал, цинги мушириказ жидее къварилъи гьабидал жидер ватIан тун, Аллагьасе гIоло ва гьесул дин тIадегIан гьабизе гIоло гьижраги гьабурал. Хадуб Аллагьасул дин цIунун, ва ракьалда дин тIибитIизабун жигьадги гьабурал, - гьал гIадамал руго Аллагьасда (عز وجل) жидер хьул лъолел: жидер мунагьал чурилин ва Аллагь гурхIилин абун. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинца муъминзабазул мунагьал чурулев ва гьезда жив гурхIулев буго.**

Гьал аятазда жаниб бицараб хIукму Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда хириял асхIабзабаз гьикъун, гьезие жаваб кьун бицараб бугониги, гьаб хIукму киналго бусурбабазе ва кинабго заманаялъ гIаммаб буго. Ракьалда тIасан купру- ширк тIагIун, цохIо Аллагьасе лагъалъи гьабулеб заман бачIинегIан, бусурбабазул ва капуразул тушманлъи тIагIунаро.

Капурчи ургъулев вугелдаса нилъер исламияб дин тIагIинабизе, гьелъие зарал гьабизе, гьесдаса гIемерго цIикIкIун бусурманчи ургъизе тIадаб буго купру- ширк тIагIинабиялда тIад, ва ракьалда тIад цохIо Аллагьасе (**عز وجل**) лагъалъи гьаби букIинабиялда тIадги. Гьаб буго муъминчиясул дунялалъул ва ахираталъул сагIадат (бахьибуголъи). Гьаб макъам Аллагьас цIакъ дагьал, жиндие рокьарал ва жинца тIаса рищаразе гурони кьун гьечIо.

**2I9. Дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, хамроялдаса ва майсиралдаса;** гьоркьоб жо лъун хIалел хIаязул хIакъалъулъ: хIалалабищ гьеб хIарамабищ абун. **Дуца гьезда абе: гьеб кIиябго жоялда жаниб цIакъ кIудияб мунагь буго ва гьеб хIарамабги буго. Гьеб кIиялдаго жаниб дунял тIалаб гьабулев, ахират кIочарав чиясе мунпагIат буго:** хIарамаб бугониги боцIи щвей гIадаб. **Амма диналъе бугеб, жиндир гIакълоялъе ва черхалъе бугеб зарал кIудияб буго. Гьадин бугелъул**

**хамро ва майсир гьезул мунпагIаталдаса зарал кIудиял жал руго. Ва цогиги дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, жидеца щиб жо напакъаде кьелеб абун. Дуца гьезда абе нужер хIажаталдаса тIокIлъараб жо кьеян абун. Гьадин баян гьарула ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндир аятал:** шаргIиял ахIкамал ва нужее хайир ва зарал бугеб, хIарамаб хIалалаб жо: **нужеца пикро гьабизе ва нуж ургъизе,**




**220. дунялалъул чIаголъиялъулъ гьеб паналъулеб тIаса унеб букIин лъан, ва ахираталъул амроялъулъги гьеб абадияб рукъ букIин лъан.**

**Цогиги дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, ятимазул хIакъалъулъ,** гьезул боцIи-мал батIаго цIунунищ телеб, яги жидералда жубазабун, цадахъ хIалтIизабун гIемерищ гьабилеб абун. **Дуца абе гьел ятимазе мунпагIат бугеб жо хал гьабун хIалтIизабеян гьезул боцIи-мал. Гьезул боцIи нужергогун жубазабуниги бегьула, гьел нужер диналъул ваццал ругелъул. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго нужедаса лъикIлъи гьабизе бокьаравги, пасалъи гьабизе бокьаравги чи. Аллагьасе бокьун букIарабани нуж къварилъиялъулъ ккезаризе ва нужее захIматаб амру тIад къазе, гьебги гьабилаан Аллагьас(عز وجل).** Киннги тIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир гурхIел-рахIму цебе ккарав вуго, гьес лагъзадерие къварилъи кколеб хIукму гьабуларо. **ХIакълъунго Аллагь (** عز وجل**) жиндир къуват-гуч бергьарав вуго, жиндир пишабазулъ хIакимияв вуго,** лагъзадерие маслахIатаб жо гьабулевги вуго.


**22I. Нужеца мушрикал руччаби рачунге, я гьал муъминзаби, гьез иман лъун исламияб дин босун хадуб гурони. Муъминай лагъ лъикIай йиго нужеца чIужулъун ячине узденай мушрикалдаса, кигIанго нужее гьей мушрикай берцин йхьун, йокьун йгониги. Ва нужеца мушриказе нужер муъминал руччаби кьоге, гьез иман лъезегIан ва исламияб дин къабул гьабизегIан. Нужее муъминав лагъ лъикI вуго узденав мушрикасдаса, гьев нужеда берцин вихьун вугониги, гьесул насабалда яги боцIиялда хьул лъун бугониги. Гьел мушрикал руго жидеца нуж жужахIалде ахIулел ва гьелда гIагар гьарулел,** гьезулгун ригьиналъул ва цогидабги хурхен гьабуни. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нуж алжаналде ахIулев вуго ва жиндир мунагьал чури, гурхIел нужеда щвей бокьаравги вуго. Гьедин бугелъул Аллагьас нужеда лъикIаб жо малъулеб буго, квешалдаса рикIкIадги гьарулел руго. Ва жиндир аятал, хIикматал гIадамазе баян гьарулевги вуго Аллагь (عز وجل), гIадамазда жо лъазе ва бичIчIизе бокьун ва гьез лъикIаб-квешаб жо батIа бахъинеги бокьун.**

**222. Ва дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, хIайзалъул масъала** (хIайз абула руччабазул гIадат билъараб щибаб моцIалъ би бачIиналда, как хутIи, менструация). **Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ, гьеб хIайиз чорокаб, ракI къалеб жо буго, нужеца хIайиз тIагIун черх чуринегIан чIужуялда жимагI гьабуге** (половое сношение). **Нуж гьездаса дорегIан къан рукIа гьел рацIцIалъинегIан. Цинги гьел руччабаз черх чурараб мехалъ, нуж гьел руччабазда аскIоре лъугьа ва Аллагьас (** عز وجل**) хIалал гьабураб бакIалда квале.** Гьеб хIалал гьабураб бакIги лъимер гьабулеб бакI буго, нахъияб рахъ гьечIо. **ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндие мунагьаздаса тавбо гьабулел ва чорокаб жоялдаса рикIкIад чIолел муъминзаби рокьулев вуго.**

**223. Нужер руччаби бекьулеб хуралда релъулъун руго. Нуж гьезда аскIор лъугьа нужеего бокьараб рахъалъан:** тIад веганиги, хьибилалдаса лъугьаниги, цоги хIалалъ бугониги: цоцазе къварилъи-заралги гьабичIого. **Нужеца лъикIал гIамалалги гьаре, ахираталда нужее хазиналъун ратине. Ва нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа хIарамаб жо гьабизе,** руччабазда аскIор лъугьиналъулъ ва цогидаб жоялъулъги. **Нужеда лъай нуж ахираталда Аллагьасда (عز وجل) данде**

**чIвазе рукIин ва нужер хIисаб-мизан гьабизе букIин. Нужеца муъминзабазда рохелги бице гьезие Аллагьасда аскIоб алжан ва кIудияб льъикIлъи букIиналдалъун.**

**224. Нужеца Аллагь (عز وجل) гьавуге нуж гьаяздаса рацIцIалъизе сабаблъун. Аллагьасдаса хIинкъине ва гIадамазда гьоркьоб лъикIлъи-маслахIат гьабизе нахъчIвалеб пардавлъун. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца бицунеб жо жинда ргIулев, нужер пишаги, рекIел нияталги жинда лъалев вуго.**


الجزء الثاني سورة البقرة
لَا يُؤَاخِذُكُمُ ٱللَّهُ بِٱللَّغۡوِ فِيٓ أَيۡمَٰنِكُمۡ وَلَٰكِن يُؤَاخِذُكُم بِمَا كَسَبَتۡ
قُلُوبُكُمۡۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ حَلِيمٞ ٢٢٥ لِّلَّذِينَ يُؤۡلُونَ مِن نِّسَآئِهِمۡ تَرَبُّصُ
أَرۡبَعَةِ أَشۡهُرٖۖ فَإِن فَآءُو فَإِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٢٢٦ وَإِنۡ عَزَمُواْ
ٱلطَّلَٰقَ فَإِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٞ ٢٢٧ وَٱلۡمُطَلَّقَٰتُ يَتَرَبَّصۡنَ بِأَنفُسِهِنَّ
ثَلَٰثَةَ قُرُوٓءٖۚ وَلَا يَحِلُّ لَهُنَّ أَن يَكۡتُمۡنَ مَا خَلَقَ ٱللَّهُ فِيٓ أَرۡحَامِهِنَّ
إِن كُنَّ يُؤۡمِنَّ بِٱللَّهِ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِۚ وَبُعُولَتُهُنَّ أَحَقُّ بِرَدِّهِنَّ فِي
ذَٰلِكَ إِنۡ أَرَادُوٓاْ إِصۡلَٰحٗاۚ وَلَهُنَّ مِثۡلُ ٱلَّذِي عَلَيۡهِنَّ بِٱلۡمَعۡرُوفِۚ
وَلِلرِّجَالِ عَلَيۡهِنَّ دَرَجَةٞۗ وَٱللَّهُ عَزِيزٌ حَكِيمٌ ٢٢٨ ٱلطَّلَٰقُ مَرَّتَانِۖ
فَإِمۡسَاكُۢ بِمَعۡرُوفٍ أَوۡ تَسۡرِيحُۢ بِإِحۡسَٰنٖۗ وَلَا يَحِلُّ لَكُمۡ أَن تَأۡخُذُواْ
مِمَّآ ءَاتَيۡتُمُوهُنَّ شَيۡـٔٗا إِلَّآ أَن يَخَافَآ أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ ٱللَّهِۖ
فَإِنۡ خِفۡتُمۡ أَلَّا يُقِيمَا حُدُودَ ٱللَّهِ فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡهِمَا فِيمَا ٱفۡتَدَتۡ
بِهِۦۗ تِلۡكَ حُدُودُ ٱللَّهِ فَلَا تَعۡتَدُوهَاۚ وَمَن يَتَعَدَّ حُدُودَ ٱللَّهِ فَأُوْلَٰٓئِكَ
هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ٢٢٩ فَإِن طَلَّقَهَا فَلَا تَحِلُّ لَهُۥ مِنۢ بَعۡدُ حَتَّىٰ تَنكِحَ زَوۡجًا
غَيۡرَهُۥۗ فَإِن طَلَّقَهَا فَلَا جُنَاحَ عَلَيۡهِمَآ أَن يَتَرَاجَعَآ إِن ظَنَّآ أَن
يُقِيمَا حُدُودَ ٱللَّهِۗ وَتِلۡكَ حُدُودُ ٱللَّهِ يُبَيِّنُهَا لِقَوۡمٖ يَعۡلَمُونَ ٢٣٠
٣٦

**225. Аллагьас нужее гIакъуба гьабуларо нужеца ургъичIого, харбида гьоркьоб гьа гьедун ргIи абиялъе гIоло.** АллагьасхIаги, Валлагьи абун. **Киннги нуж гIакъубаялъулъ ккола нужеца ракIалъ ният гьабун кIалалъ гьа гьедараб мехалъ. ХIакълъунго Аллагь лагъзадерил мунагьал чурулев, гьезда гурхIунев вуго.**

**226. ЧIужуялда аскIов лъугьинаро абун гьа гьедарал гIадамал** (жимагI гьабиларо абун), **гьел руччабаца ункъго моцIалъ сабро гьабила. Цинги росас гьа хвезабун чIужуялда жимагI гьабуни, гьеб лъикI буго ва Аллагь (عز وجل) жив тIаса лъугьунев, мунагьал чурулев вуго.**

**227. Нагагь жимагI гьабичIого чIани ва гьезул иш цIар тIамиялда ани, хIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьез бицунеб жо ргIунев ва гьабулеб пиша лъалев вуго.**


Гьаб кIиго аяталъул магIна буго: жагьилал гIарабиязул гIадат букIана росас гьа гьедулеб чIужуялда жимагI гьабиларо абун. Цинги жимагIги гьабичIого, цIар тIамун нахъеги йиччачIого, толаан гьей чIужу. ШаргIалъ хIукму гьабулеб буго гьеб гьа гьедиго квешаб жо букIиналда. Нагагь гьедин гьа гьедани чIужуялда абулеб буго ункъго моцIалъ сабро гьабеян, гьев рос жинда аскIов вачIунадай абун. Цингиги гьев чIужуялда аскIов лъугьинчIони гьесда шаргIалъ амру гьабула: я чIужуялда аскIов лъугьа, яги гьей цIар тIамун нахъе йиччай абун. Гьелдаги рос рекъечIони дибирас цIарги тIамула гьей чIужуги гьесдаса хвасар гьаюла.

**228. Жидер цIар тIамурал руччабаз яхI гьабула цоги росасе инчIого лъабго хIайиз бихьинегIан. Цинги гьел руччабазда баянлъани жидеда жаниб лъимер букIин, гьеб иш балъго гьабичIого бицине ккола, гьел Аллагьасдаги (عز وجل) Аварагасдаги ﷺ, ахир къоялдаги божулел руччаби ругони. Гьел руччаби къинал рукIин лъараб мехалъ гьезул цIар тIамурал росаби мустахIикъал руго гьел рачине, гьезие цоцазда рекъезе ва маслахIат гьабизе бокьани. Гьел руччабазе тIубазе кколеб хIакъ буго росабаздаги, росасе тIубазе кколеб хIакъ чIужуялда тIадги бугеб гIадин. Ва бихьиназе руччабазда тIад тIокIлъи буго:** кинабго хъизан-рукъалъул жаваб кьолев вукIин ва гьеб хъизаналъул маслахIаталъе вахъун чIолев вукIин. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир гуч бергьарав хан вуго ва жиндир ахIкамал цIакъ камилав хIакимги вуго.**

**229. Руччабазул цIар тIами кIиго нухалъ буго.** Цо нухалъ цо цIар тIамун тела ва кIиялго рекъоладай абун сабро гьабила гIидда тIубазегIан**. Цинги гьезие лъикI бихьани гIидда тIубалелде рос чIужуялда тIад вуссина ва цадахъ гIумро гьабила. Кинго жал цоцалъ рекъолел гьечIони росас гьанжесаги цIар тIамила. ЧIужуялъул цIар тIамураб мехалъ нужеца гьезие кьун букIараб магьари нахъе бахъизе бегьиларо. Гьаб буго нуж Аллагьасул (عز وجل) гIорхъаби цIунизе кIоларо абун хIинкъичIони бугеб хIукму. Амма нуж хIинкъани Аллагьасул гIорхъаби цIунизе кIоларин абун,** цояз цоязе кьезе кколеб хIакъги кьеларо, берцинго, хIал рекъон рукIинаро абун, **цинги мунагь-хIакъ гьечIо гьей чIужуялъ росасе магьари бугониги, цоги боцIи бугониги кьун жий йиччай тIалаб гьабуни ва росас гьеб боцIиги босани. ьал руго Аллагьасул (عز وجل) гIорхъаби.** Нуж берцинго рукIине, нужее маслахIаталъе лъурал. **Нужеца Аллагьасул гIорхъаби хвезаруге!**

**Аллагьасул гIорхъаби хвезарулел гIадамал руго Аллагьасул ццин бахъи ва гIакъуба жидеда щолел, жидерго напсазе зулму гьабулел гIадамал.**

**230. ХIакуълъунго жинца чIужуялда лъабго цIар тIамураб мехалъ, гьесие гьей чIужу ячине хIарамлъула цоги росасеги ун, гьесул босадаги егун, гьесулгун жимагIги гьабун, цинги гьев росас цIар тIамун йиччан, гIиддаги тIубан хадуб ячани гурони.** ЦIар тIамизе къотIи гьабун магьари лъейи хIарамаб жо буго (хIоло магьари). **Цогидасе арай гIадан, гьев чияс цIар тIамун йиччараб мехалъ** ва гьесдаса гIиддаги тIубараб мехалъ, **цевеккун гьелъул рослъун вукIарасеги гьалъиеги жал рекъезе ва цIидаса магьари лъун рос-лъадилъун рукIине бокьани, гьеб шаргIалда бегьулеб жо буго, гьанжесалалъ гьабураб ригьин жал шаргIалда рекъон берцинго гIумро гьабун рукIина абун гьезда ракIалда ккани. Гьал тIадехун рехсарал ригьиналъул гIорхъаби ва хIукмаби Аллагьасул гIорхъаби руго, жидеда жо бичIчIунел, Аллагь-авараг лъалел гIадамазе баян гьарулеллъун ругел.**





**23I. Нужеца руччабазул цIар тIамураб мехалъ** ражгIияб цIар тIамиялъ: цо цIар яги кIиго цIар тIамун, лъабабго цIар тIамичIого, **цинги гьел руччабазул гIидда тIубазе мех щведалго, нужеца гьел руччаби тIад руссинаре, нуж цацазда рекъон, берцинго рукIиналда хьул бугони, гьедин гьечIони тIубан цIарги тIамун гьей чIужу йиччан те. Нужеца гьел руччабазе къварилъ-зарал гьабун цIарги тIамичIого, рукъорги рачиIого тоге. Гьаб гIамал гьабурав чи жиндирго напсалъе зулму гьабулев вуго: гьелъул мунагь ва гIазаб жинда тIаде кколев вуго. Нужеца Аллагьасул Къуръан ва гьелъул хIукмаби махсароде ккоге, ва нужее Аллагьасул (** عز وجل**) рахъалъан нужее ругел кIудиял нигIматалги ракIалде щвезаре.** Бищун кIудияб нигIматги исламияб диналда рукIин буго. **Ва нужеда Аллагьас (**عز وجل**) рещтIинабураб хирияб Къуръанги, аварагасул** ﷺ **бацIцIадаб нухги (суннатги) ракIалда букIа ва нужеца гьелда гIамалги гьабе: Аллагьас гьаб кIиябго жоялдалъун нуж битIараб нухалда тIоритIулел руго ва гьеб нужее вагIза-насихIат буго. Ва нуж тIадегIанав Аллагьасул (**عز وجل**) гIазабалдасаги хIинкъа ва нужеда лъай гьев БетIергьан Аллагь жинда кинабго жо лъалев вукIин.**

**232. Ва нужеца руччабазул цIар тIамун гьезул гIидда тIубараб мехалъ нужеца гьел руччаби нахъчIваге довго росасе цIидаса магьари лъун ине бокьани, гьел кIиялго цоцазда рекъон, цIидаса рос-лъадилъун рукIине рекъон ругеб мехалъ. Гьаб буго нужее гьабулеб вагIза-насихIат, нужедаса Аллагьасдаги (**عز وجل**) ахираталдаги божулев чиясе. Гьаб вагIза-насихIат боси нужее дунял-ахираталъе лъикIаб буго ва нуж мунагьазул чороклъиялдаса цIунулебги буго. ХIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) жинда кинабго жоялъул загьирабги батIинабги рахъ лъалев вуго ва амма нуж цIакъго дагьаб гурони лъай гьечIел руго.** Гьадин бугелъул Аллагьасул (**عز وجل**) амру-нагьюялда нахърилъулъун хьвади нужее лъикIаб буго, нужерго гIакълоялда божун, гьелда нахърилъулъун рукIинчIого.

Гьаб цIар тIамиялъул масъала жиндир рахъал гIемераб бахIс бугеб ва муъминзабазе аскIорго къачIого рукIине рекъараб бугелъул, гьалъие баян кьечIого толеб буго. Киннигги бицинчIого гIолареб жо буго: Россас къварилъи гьабулеб бугони, гьесул дин ва дунял Аллагь (**عز وجل**) разияб гьечIони ва гьевгун гIумро гьабизе захIмалъун бугони, чIужуялъе ихтияр буго гьев росасдаса хвасарлъизе: гьесие боцIи-мал кьун жий нахъйиччай тIалаб гьабизе. Гьаб масъалаялда цIар буго хулгI гьаби. Ва амма гIемер ургъун, жиндир валиясда данд бан, гIедегIичIого гьабила хулгI, нагагь гьелда хIажалъи бугони.

ЦIар тIамиялда, тIад руссиналда, хулгI гьабиялда хурхарал масъалаби гIалимчиясдаги гьикъун, гьесулгун данд бан гьабизе лъикI буго, хадуб пашманлъи ва захIмалъи тIад бачIичIого букIизе.

**233. Жинца лъимер гьабурай эбелалъ гьеб лъимер хахинабила тIубараб кIиго соналъ, хахиялъул заман тIубазаби бокьарал гIадамазе. Жиндие лъимер гьабурав инсудаги тIадаб буго гьеб лъимер хахинабулей чIужуялъе гьелда рекъараб ретIел ва квен кьезе. Цониги напсалда хIал гьабуларо ва гьелда тIад къаларо хIалкIолеб жо гурони. Лъимер гьабурай эбелалъе ва жиндие лъимер гьабурасеги зарал гьабизе бегьуларо.** Гьединго эбел-инсуца лъимералъе зарал гьабизеги бегьуларо. **Лъимералъул эмен хун вугони, гьесул бакIалда вугев жинца ирс босулев чи** (жинца гьеб лъимералъул жаваб кьезе кколев чи), **дов инсуда релълъун вуго гьаб цебехун бицараб жоялъулъ. Нагагь эбел-инсуе лъимер кIиго сон тIубалелдего кереналдаса тIезаби бокьани ва кIиялго гьелда жаниб маслахIат букIиналда рекъонги ругони, гьеб лъимер карандаса тIезабиялда жаниб мунагь-къварилъи гьечIо. Нужер лъимер хахинабизе ва хьихьизе цоги чIужугIадан йиччазе бокьани, гьеб ишалъулъги нужее мунагь-хIакъ гьечIо, жинца лъимер хахине бачарай гIаданалъе гьей разияб ужра-мухьги кьолеб бугони. Ва нуж Аллагьасул** (عز وجل) **гIазабалдаса хIинкъа гьал ахIкамал хвезарине. Ва нужеда лъай хIакълъунго тIадегIанав Аллагь** (عز وجل) **нужер гIамал жинда рихьулев ва лъалев вукIин ва гьесда щибго жо балъго хутIунареблъи.**




**234. Нужер цояв хвараб мехалъ, гьесул руччаби ругони (кIиго, лъабго, ункъго чIужу), гьел руччабаз россасе ине къасд гьабичIого сабро гьабизе ккела ункъго моцIги анцIго къоялъги.**

Гьаб заманаялъ руччаби рокъорги чIчIезе ккола, берцинаб ретIел ретIизе, гьуин махI гьабизеги бегьуларо. Гьаб буго магIарул мацIалда «чIегIер бай» абулеб жо. Росс хварай чIужуялъе бугеб хIукму буго гьаб. Цоги эмен, вас, вац хвана абун чIегIер бай букIуларо. Нагагь гьел руччаби лъабго къоялдаса цIикIкIун заманалъ чIегIер бан чIчIани, гьезие мунагь буго ва гьеб хIарамаб буго: гьеб буго Аллагьасул ( **عز وجل**) къадаралда рази гьечIолъи ва жидер иман загIипаб букIин бихьинабулеб гIаламат.

**Цинги чIегIер баялъул заман тIубадалго нужеда щибго мунагь гьечIо гьел руччабаз гьабураб гIамалалъул,** гьеб шаргIалда рекъ\он бугебгIан мехалъ: гьел руччабаз берцинаб ретIел ретIаниги, жий гьарун вачIарав чиясе жаваб кьуниги, **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб гIамал жинда лъалев**, гьелда данде жаза гьабулев вуго.

**235. Нужеда мунагь хIакъ гьечIо я гьал бихьинал, рос хварай гIаданалда ригьиналъул бицен гьабуни, баянго гьезда дие ячIа абичIого. Гьединго нужер рекIелъ гьел руччаби рачине къасд кканиги мунагь гьечIо. ТIадегIанав Аллагь** (عز وجل) **жинда лъалев вуго нужеца гьел руччабазда хитIаб гьабизе букIин. Киннигги гIидда тIубазегIан нужеца гьел руччабазулгун балъгояб къотIи гьабуге** гIидда тIубарабго дица мун ячине йигин абун. **Нужее шаргIалда бегьизабураб хIалалъ бакка-бахъи гьабун те. Ва нужеца гьел рачизе къасдги гьабуге гьезул гIидда тIубан хадуб гурони. Нужедаги лъан букIа ТIадегIанав Аллагь** (عز وجل) **нужер рекIел хиялалги лъалев вукIин ва нуж гьев Аллагьасул ццин бахъунеб жо гьабиялдаса рикIкIалъе. Ва нужеда жегиги лъай гьев Аллагь жинца мунагьал чурулев, Жив гурхIулевги вукIин.**


**236. Нужее мунагь-хIакъ гьечIо магьари лъурай гIаданалда цIар тIамуни, гьелда жимагI гьабичIого букIун ва гьелъие магьаридае жоги лъечIого букIун. Гьедин цIар тIамурал руччабазе нужеца щиб букIаниги рес рекъараб боцIи кье:** цо ретIел гьабун, яги гIарац кьун. **Гьеб боцIи щивав чиясул рес махIалалда рекъон кье; бечедас жинда рекъараб къадар кье, мискинас жинда рекъараб кье. Гьезда цIар тIамун гьел руччабазда щвараб рекIел къварилъи бигьа гьабизе цо сабаб буго гьаб. Ва гьаб боцIи кьей лъикIал муъминзабазул хIакъ буго ва гьезул тIабигIатги буго.**

**237. Нужеца гьел руччабазда цIар тIамуни гьезда нуж хъатIилелде ццебе** (жимагI гьабичIого) **ва нужеца гьезие магьариде боцIиги лъун букIун батани, нужеца гьезие кье гьеб магьариде лъураб боцIиялъул бащадаб. Нагагь гьел руччабаца тIаса лъугьун тани, яги гьезул квер кколев валияс тIаса лъугьун тани, цинги щибго кьечIого тезе бегьула. Ва нуж цоцазда тIаса лъугьани** ва цоцазул хIакъги тIаса лъугьун тани, **гьеб Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъарал гIадамазул гIамал буго. Ва нужеда кIочонге нужеда гьоркьоб букIараб лъикIлъи ва цоцазде букIараб рокьи–хинлъи. ХIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) нужеца гьабулеб гIамал бихьулев ва лъалев буго.**

ЦIар тIамиялда хурхарал аятазул ахиралда ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) вагIза гьабулеб буго нужеда гьоркьоб букIараб лъикIлъи ва рокьи-хинлъи кIочонге абун. Гьалъул мурадги буго ригьин биххана абун нужеца цоцазде тущманлъи ккоге ва исламияб диналъул вацлъи хвезабуге абураб. ХIакъикъаталда нилъеда бихьулеб жо буго ригьин биххун хадур гьел гIадамал цIакъ цоцазе рихарал тущбаби лъугьунеблъи. Жинда кантIизе рекъараб масъала буго гьаб.

ЦIар тIамизе ва чIужу йиччазе шаргIалда ихтияр букIин жинда жаниб хIикмат кIудияб жо буго. Нилъеда гьеб хIикмат бичIчIизе ккола насранияб диналда ригьин биххизе ихтияр гьечIеб букIиналъ гьел кинал кIудиял пасалъабазда жанир кколебъи бихьараб механалъ. ХIатта росс-лъадилъун ругел чагIи цоцазеги лъан, цогидал жидер вокьулелгун цадахъ зина гьабулел руго.

ЦIар тIами шаргIалда хIалалаб бугониги, жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго: *«Бищун жинда Аллагьасул ццин бахъулеб хIалалаб жо буго цIар тIами»* – абун. Гьаб хIадисалъулги ва цогидал хIадисазулги магIна буго дагьабго жо сабаблъун, нахъе ругел, тIаде рачIунел умуразухъ балагьичIого, ригьин биххи ва лъимал-хъизан къварид гьари шаргIалда хIарамаб жо букIин.




**238. Нужеца тIадчIей гьабе, я гьал муъминзаби, паризаял какал гIужда раялда ва камилго раялда. Хасго бакъанил как гIужда баялда ва мухIканго баялда тIадчIей гьабе:** гьеб как буго малаикзабаз хал гьабулеб ва Аллагьасда (**عز وجل**) ццебе гьез нугIлъи гьабулеб. **Ва нуж как балеб механалъ Аллагьасда цере рахъун чIа Аллагьсе хIелун, гьесдаса хIинкъун, Аллагь (**عز وجل**) тун нахъияб жоялдаса машгъуллъун.**

**239. Нуж хIинкъараб хIалалъулъ ругони: нужеца как бай рилълъанхъун унаго ва рекIунеб жоялда тIад рукIадго.** Как бачIого тезе изно букIуларо гIакъло хисун гьечIебгIан механалъ. **Цинги хIинкъи тIаса ун нуж парахалъараб механалъ, нужеца как бай Аллагьас (**عز وجل**) тIад лъураб хIалалъ. Нужеда гьес лъазабуна нужеда лъаларе букIараб дин ва нуж иманалде тIоритIун руго.**

**240. Нужер цояв хвалил унти чIван хвалда хIинкъун вугони, гьев чиясул руччабиги ругони, гьес васият гьабине ккела жиндир руччабазе цо лъагIелалъ квен ва ретIел кье абун ва гьел рокъоса къватIирги рахъинаруге абун.** Гьаб буго исламалъул авалалда букIараб хIукму. Хадуб гьаб хIукму хисун аят бачIана гьел руччабазе ункъго моцIги анцIго къоги гIидда бихьинабун ва гьеб заманаялъ гьезие напакъаги рукъги кьезе тIад гьабун. **Нагагь гьел руччаби гIидда тIубачIого рукъоса къватIир рахъани, нужее мунагь хIакъ гьечIо гьез гIадаталда ва шаргIалда рекъон гьабураб жоялъул,** берцинаб ретIел ретIи, гьуин махIгьаби гIадаб. **Аллагь (**عز وجل**) жиндир гуч бергьарав, жиндир ишазулъ хIакмимияв буго.**

**24I. Жидер цIар тIамун риччарал руччабазе цо дагьабниги боцIи кьейи тIадаб буго Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъулел муъминзабазда.**

**242. ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) гьадин баян гьарун рицуна жиндир шаргIиял ахIкамал, нужеца гьезда гIамал гьабизе, нужеда гьел ахIкамал лъазе ва гIакълуялъ росине.**


**243. Мун кин валагьуларев** (дуца пикро гьабе) **гьел гIадамазда, хвалидаса хIинкъун жидер рукъзабахъа къватIир рахъарал, гьелги гIемер азарго рукIарал. Цинги Аллагьас (**عز وجل**) гьел рагъго гьечIого хвезаруна, хадур чIагоги гьаруна. ХIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) гIадамазе гIемер лъикIлъи ва гурхIел гьабулев вуго, гьезда дунял-ахираталъе лъикIлъи бугеб жо малъулевги вуго. Ва амма гIемерисел гIадамал жидеда Аллагьасул лъикIлъи ва гьесул нигIматал лъаларел ва гьесие щукру гьабуларел руго.**

**244. Нужеца Аллагьасул диналъе гIоло рагъ гьабе ва нужеда лъай тIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) нужеца бицулеб жо рагIунев ва нужер гIамалал ва хиялал лъалев вукIин.**

**245. Нужедаса щив вугев жинца Аллагь (**عز وجل**) разилъи тIалаб гьабун, гьесул дин тIадегIан гьабизе къарзалъе боцIи кьолев, гьев чиясул къарз Аллагьас гIемер цIикIинабун, ахираталда кIудияб хазиналъун гьесие кьезе? ТIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) цоязе дагь ризкъи кьолев вуго, цогидазе гIемер боцIи кьолев вуго**, гьезул хIалбихьине. **Ахир киналго Аллагьасде (**عز وجل**) руссунел руго жидер гIамалазда рекъараб жаза гьабине.** Гьаб хирияб аят рещтIараб мехалъ, жинда Аллагь разилъаяв АбудахIдахI абулев ансарияв асхIаб вачIана аварагасухъе ﷺ, ва жинца абуна:

*«Я Бичасул аварагﷺ, Унгого Аллагьасе (**عز وجل**) нилъеца къарзалъе боцIи кьейи бокьуниц бугеб?» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Бокьун буго, я АбудахIдахI» - абун. Цинги АбудахIдахIица (ра) абуна: «Бихье дур квер дида, я расулуллагьﷺ» – абун. Цинги аварагасул кверги ккун абуна: «дица дир БетIергьан Аллагьасе къарзалъе кьуна дир ах» – абун.*

*Гьеб букIана анлънусго чамасдакил гъветI жаниб бугеб ах. Цинги жиндир хъизамалда аскIов вачIун гьев ахIдана: « я УмудахIдахI Нуж гьаб ахикьан къватIире рахъа, дица гьеб бетIергьан Аллагьасе (**عز وجل**) кьураб буго»* – абун.




**246. Мун валагьун пикру гьабе МухIаммадﷺ, бануисраилазул Муса ﷺ авараг хун хадуб букIараб цо къавмалъул ккараб жоялда: гьеб къавмалъ жидер аварагасда (ШамгIунида) абураб мехалъ: «Дуца нижее цо амир гьаве, нижер цевехъанлъун вукIине ва ниж Аллагьасул тущбабаде данде рагъине рачунев» – абун. Гьев аварагас абуна: «нужее бокьуниц бугеб нужеда гьазават гьаби фарз гьабураб мехалъ нуж рагъде рахъинчIого рукIине?» – абун. Гьеб къавмалъ абуна: «Нижее бугеб щиб ниж тущманасда рагъичIого рукIине, хIакълъунго ниж нижерго рукъзабахъа къватIирги гьун рукIадго, нижер лъималги асир гьарун рукIадго» - абун. Цинги гьезда гьазават фарз гьабураб мехалъ ва рагъда рахъаян амруги гьабураб мехалъ, гьезул гIемерисел хIинкъана къватIир рахъине, цIакъго дагьал гIадамал хутIинегIан.** Гьал дагьал гIадамал руго ТIалутгун цадахъ гIор бахун дорехун арал. **ТIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) жинда лъалев вуго жиндир амруялда мутIигIлъичIел зулмуял гIадамал** ва гьезие квешаб жаза букIине буго.


**247. Гьеб къавмалда гьезул аварагас абуна: «хIакълъунго Аллагьас (**عز وجل**) нужее амирлъун витIун вуго ТIалут абулев чи» - абун. Къавмалъ абуна: «кисан букIунеб гьев ТIалутие нижеда тIад амирлъи ва ханлъи, ниж хIакъал руго гьеб ханлъи ва тIадлъи нижехъе букIине. Гьесие боцIиги кьун гьечIо, бечелъиги гьечIо» – абун. Нижеда гьоркьор руго бечелъиги, гIадамазда гьоркьоб къадруги бугел гIадамал.** Щибго жиндир гьунар гьечIев, я къадру-къимат гьечIев чиясда кин ниж мутIигIлъилел? - абун. **Аварагас гьезда абуна: «хIакълъунго Аллагьас (**عز وجل**) гьев нужедаса тIокI гьавун вуго жиндир гIелму-гIакълуялдалъун ва гучаб, къуватаб черхалдалъунги» – абун. ХIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) жиндие бокьарав чиясе амирлъи ва ханлъи кьолев вуго ва гьев Аллагь (**عز وجل**) жиндир гIелму-лъай цIакъ гIатIидав вуго.**

Гьаб рагIиялдаса бичIчIунеб буго цо гIадамазул яги кIудияб къавмалъул цевехъанлъун вугев чиясулъ бищунго цебе гIелму ва гIакълу букIине ккей, жиндир ишазулъ гьев витIун вукIине ккани ва халкъалъул маслахIатал цIунизе лъазе ккани. КIиабилебги сахаб, къуватаб черх букIизе ккола, гIадамал гьесда божизе жидер цевехъан живги ва гIадамалги тушманасдаса цIунизе кIолев вугин абун. Тущманасул рекIелъ хIинкъиги рехизе, жиндаго тIаде рачIунел къварилъабиги хIехьезе.

**248.** Цинги къавмалъ тIалаб гьабидал щибха бугеб гIаламат гьев нижер амирлъун гьавун вукIиналъе абун, **гьезда аварагас абуна: Гьав ТIалут нужеда тIад амирлъун вукIиналъе гIаламат буго гьесухъе зодиса рещтIун цо гъамас бачIин. Жинда жаниб нужее ракIал гIодорриччай ва парахалъи бугеб, гьединго Муса (гIв) ва Гьарун (гIв) аврагасул нахъе хутIарал гIаламаталги ругеб. Гьеб гъамасги малаикзабаз босун бачIине буго нужедаги бихьун абун. Гьаб гъамас зодисан бачIун нужеда цебе рещтIин нужее гIаламат ва мугIжизат буго ТIалут амирлъун вукIиналде, нуж Аллагьасда (عز وجل) ва ахираталда иман лъурал гIадамал ратани.**

Гьеб гъамас букIана Муса (гIв) аварагасул заманалъго букIараб, жинда жаниб Таврат цIунун букIунеб ва тущбабазде рагъде унеб мехалъ Муса аварагас цадахъ босун боязда цебе букIунеб букIараб. Гьеб гъамас бануисраилазухъан батIалъун букIана. Гъамас балагьун гIадамалгун ТIалутида ццебе рещтIун бачIана. Гьелда жаниб Мусал (гIв) гIанса букIана, гьесул ретIелги букIана, Таврат тIад хъварал лавхIал (хъарщалги) рукIана.

Гьаб гъамас зодисан бачIун нужеда цебе рещтIин **нужее гIаламат ва мугIжизат буго ТIалут амирлъун вукIиналде, нуж Аллагьасда (عز وجل) ва ахираталда иман лъурал гIадамал ратани.**




**249. Цинги ТIалут гьеб къавмалъул боялги рачун къватIиве вахъараб мехалъ:** гьел къватIир рахъана Байтулмукъадасалдаса ва гьел ункънус-азар чи вукIана. **ТIалутица къавмалда абуна: «Аллагьас (عز وجل) нужер хIалбихьизе буго цо гIоралдалъун. Гьеб гIоралдаса къеч хьвазегIан лъин гьекъарав чи дир къавмалдаса вукIине гьечIо. Цодагьабго жо лъин гьекъон чIарав (цо хъат цIун лъин гьекъон чIарав) вукIине вуго дир къавмалъул»**-абун. Гьеб лъин гьекъана гIемерисел гIадамаз. Лъин гьекъечIого ункъазарго чи чIана: Гьав ункъазарго чиги ТIалутги рахана гIор бахун дорехун. Гьебги Иорданиялдаги Палестинаялдаги гьоркьоб бугеб гIор буго.

**ТIалутги гьесда иман лъурал гIадамалги гIор бахун дорехун щведал гьезда тущманасул гIемерал боял рихьана ва къавмалъ ТIалутида абуна: «Нилъер хIал кIоларо Жалутида ва гьесул боязда данде рагъизе»–абун.**

**Амма ТIалутгун цадахъ рукIарал иман камилал, ахираталда Аллагьасда данде чIвазе рукIиналда ракI чIарал муъминзабаца абуна: «Чанги дагьаб къокъа гIадамазул бергьана гIемерал боязда данде рагъун, Аллагьасул изнуялдалъун ва гьесул хIукмоялдалъун»-абун.**

Рагъда бергьин ва квербакъи боял гIемерлъиялдалъун букIуларо. Рагъда бергьин букIуна Аллагьасул диналъе гIоло рагъулел гIадамазе Аллагьасул квербакъин букIиналдалъун. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жидеца сабро гьабулел гIадамалгун цадахъ вуго,** гьезие квербакъулевлъун ва гьезие бергьенлъи кьолевлъунги.

**250. Цинги ТIалутги ва гьесда иман лъурал гIадамалги бацIцIадаб гIалахалда, рагъулъ ругьунал, хIалбихьи бугел, гучал ва гIемерал Жалутил боязда аскIоре щведал, гьел муъминзабаз абуна: «Я нижер бетIергьан Аллагь! Дуца нижеда тIад сабро тIе** (ай нижер ракIазулъ сабро лъугьинабе) **ва дуца нижер хIатIалги рагъул майданалда чIезаре** (ай ниж лъутине, нахъруссине риччаге). **Ва дуца нижее квербакъе гьаб капураб къавмалда тIад бергьине» – абун.**

Рагъулъ бергьине ккани къваригIунеб лъабго сабаб буго:

1. Сабру гьаби.

2. Тушманасдаса хIинкъун гутIи.
3. Аллагьасда хIелун, гьарун, гьесул квербакъи тIалаб гьабун ва гьесда божун рукIин.


Ва гьаб дугIа муъминзабазул бищун гучаб ярагъ буго, тущманасда рагъде унаго цадахъ букIине кколеб.

**25I. Аллагьасул (عز وجل) изнуялдалъун ТIалутил къокъаялъ Жалутил боял риххинаруна. Муъминзабазул богун вукIарав Давудица Жалутги чIвана. Хадуб Аллагьас гьав Давудие авараглъи кьуна ва ханлъиги кьуна. Жиндир хIикмат ва гIелму кьун Аллагьас Давудида жиндие бокьараб жоги лъазабуна. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) хIукму-къадар букIинчIебани гьесда иман лъураб къавмалдалъун зулму ва купру гьабулеб къавм нахъчIвалеб, гьаб ракь пасалъилаан ва гьаниб гIадамазул гIумроги хвелаан. Киннги Аллагь (عز وجل) халкъалда цIоб-рахIмат ва гурхIел гIатIидав вуго, ва жинца ракьалда зулму тIибитIине толаревги вуго.**

ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) хIукму-къадаралдалъун цо заманаялъ купру-ширк ва зулму гьабулеб къавм муъминзабада тIад тIамун букIаниги, ахир-къадги Аллагьас гьеб квешаб къавмалъул талихI къинабула ва ракьалда тIад муъминзаби бергьинарула.

**252. Гьал Аллагьасул гIаламатал руго МухIаммад ﷺ, дица дуе рицунел хIакъаб жоялдалъун, ва мунги Аллагьас (عز وجل) дин малъине ритIарал аварагзабазул цо авараг вуго.**

Аллагьас (**عز وجل**) Жабраил малаик витIун МухIаммад ﷺ аварагасда, Муса (гIв) аварагасул, хадуб ТIалутил, Давудил ва цогидалги къисаби лъазаруна, жидеда ягьудиязе инкар кквезе кIоларел, жиделъ батIулаб жо гьечIел ва гьел къисаби рукIана ягьудиязул диниял гIадамазда гурони лъаларел. Гьабги хирияв аварагасе ﷺ ругел мугIжизатаздаса цо мугIжизат буго.




**253. Гьал киналго** исламияб диналдалъун умматазда ритIарал хIакъал **аварагзаби руго**. **Дица гьезул цоял цояздаса тIокI гьаруна ва хира гьаруна. Гьездаса вуго жинда Алагьас (عز وجل) калам гьабурав Муса (гIв) авараг. Цоги аварагзабазул даража макъам тIадегIан гьабуна дица.**

Бищунго жиндир даража макъам тIадегIанав, жив аварагзабазул ахиравлъун вугев, цереселги хадуселги умматазул сайидлъунги (ханлъунги) вугев МухIаммад авараг вуго жинда Аллагьасул свалат салам льеяв. Гьединго даража тIадегIанав вуго аварагзабазул эмен, Ибрагьим жинда аллагьас Халил абурав (гьудул) жинда Аллагьасул салам лъеяв.

**Ва дица Марьямил вас ГIисахъе (гIв) авараглъиги ва баянал хIужаби ругеб Инжилги кьуна. Ва гьев ГIиса аварагасе квербакъи гьабуна Жабраил (гIв) малаикасдалъун.** ГIиса аварагасеги гIемерал мугIжизатал кьун рукIана: хварал чIаго гьари гIадаб, мацI лъаларел гIадамал кIалъазари гIадаб, балъгояб жо бицин гIадаб.

**ТIадегIанав Аллагьасе бокьун букIарабани** гьел умматазул гIадамал киналго тIоритIараллъун рукIинаан **ва гьезухъе аварагзабиги, тIахьалги рачIун хадур цоцазде рагъулел рукIинароан. Киннги гьел умматаз жидер диназда жанир гIемерал хилапал гьаруна. Ва гьезул цоял хIакъаб жоялда чIарал муъминзаби руго, цогидал жидеца инкар ккурал ва хIакъаб нухдаса руссарал руго. ТIадегIанав Аллагьасе бокьараб ани киналго гIадамалги малаикзабада релъун Аллагьасда (عز وجل) гIасилъуларел ва цоцаде къацандуларел гьарилаан. Киннги ТIадегIанав Аллагь жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вуго.**

**254. Я гьал иман лъурал гIадамал! Дица нужее ризкъилъун кьураб боцIи-малалдаса нужеца Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун лъикIал нухазда напакъа кье. Гьеб мал нужеца кье нужеда тIаде жиндилъ щибго даран-базарги гьечIеб, гьудуллъи-гьалмагьлъиги гьечIеб,**

Аллагьас изну кьурав чиясул гурони **цоясул цогиясе квербакъи-шафагIатги гьечIеб къо бачIиналда цебе. ХIакълъунго Аллагьасул (عز وجل) диналда инкар ккурал гIадамал жал гIорхъолъан рорчIарал, жидее Аллагьасул гIазаб хIакълъарал зулмучагIи руго.**

**255. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жив гурев цоги Аллагь (عز وجل) гьечIев вуго,** жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Жинда релълъараб щибго жоги гьечIев, жив щибго жоялда хIажатавги гьечIев вуго.


**Жив чIагояв, жиндие хвел гьечIев, даимго жив нахъе хутIулев вуго. Киналниги халкъазул**: гIадамал, хIайванал, женал, малаикал ва цогидаб кинабго махлукъаталъул **тадбир жинца гьабулев.** Гьел киналго жинда хIажатав, жив щибго жоялда хIажатав гьечIев вуго.

**Жинда тIад загIипаб яги къуватаб макьу бачIун гьелъ жив кколарев вуго.** Гьелъул магIна буго: гьесда тIад кинабгIаги гъаплат, кIочей, тохлъи бачIуларо ва гьев щибаб лахIзаталъ кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев, гьеб махлукъ жинда бихьулев вуго. **Гьев Аллагьасул мулк буго зобал ракьал ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъат**. Кинабго жо гьесул къудраталда гъоркь буго ва гьесие лагъзал руго.

**Щивго чи гьечIо жинца цогидасе шапагIат гьабизе кIолев, гьев Аллагьас (عز وجل) изну кьун хадуб гурони. ГIадамазда жиб лъалеб, бихьулеб дунялияб жо ва гьезда нахъа бугеб, гьезда тIад бачIизе бугеб ахираталъул умуралги жинда лъалевги вуго гьев Аллагь (عز وجل).** Жиндир лъай кинабго жоялда гIамлъарав, сверун лъугьарав вуго Аллагь.

**ГIадамазда лъаларо Аллагьасул гIелмабаздаса цIакъ дагьаб жо гурони.** Аварагзаби ритIун умматалда лъазабураб къадар гурони. **Аллагьасул Курс зобал ракьаздаса жиндир кIодолъи, гIатIилъи цIикIараб буго. ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) щибго захIматлъи, гIажизлъи букIуларо гьал киналго зобал-ракьазул тадбир гьабизе ва гьел цIунизе. Аллагь кинабго халкъалда тIад вугев вуго жиндир ханлъиялдалъун, чIухIиялъул ва кIодолъиялъул БетIергьанги вуго.**

**256. ХIал-зулму гьабун исламияб дин босинабуларо. ХIакълъунго Аллагьасда (عز وجل) унеб битIараб нух баянлъун буго.** Къуръанги рещтIинабун, аварагги ﷺ витIун. **Къосинги, батIулаб жоги баянлъун буго:** гьебги шаргIалде хилиплъараб жо буго. Гьаб амру гьадин бугелъул: **жив щайтIаналда ва гьелда релълъарал Аллагьасдаса (عز وجل) гIадамал рикIкIад гьарулел жалазда капурлъарав, ва ТIадегIанав Аллагьасда жинца иманги лъурав чи, хIакълъунго щулияб исламияб рухьен ккурав чи вуго. Гьеб рухьен жиб тIолеб ва тIасан унеб гьечIо. Ва Т,IадегIанав Аллагь (عز وجل) кинабго жо ргIунев ва кинабго жо жинда лъалев вуго.**




**257. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) муъминзабазул вали вуго:** гьезие квербкъунев, гьезул умуразул тадбир гьабулев вуго. **Жинца гьел муъминзаби купруялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рахъинарулев вуго. Ва амма жидеца хIакъаб жоялда инкар ккурал гIадамал абуни, гьезул вализаби щайтIаби руго: гьел иманалъул нуралдаса рахъун купруялъул бецIлъукье ккезарула. Гьал гIадамал руго жужахIалъул агьлу, даимго гьеб жужахIалда рукIунел.**

**258. Дуца пикро гьабуларищ МухIаммад ﷺ Ибрагьим (гIв) аварагасда БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) хIакъалъулъ жив къацандарав чиясул.** Гьав чи вуго Намруз КангIанил вас, жив гьеб заманалъ ханлъун вукIарав. **БетIергьан Аллагьас жиндие кьураб ханлъи ва бечелъи жиндир гьунаралъ бугеб жоян ракIалда ккун. Ибрагьимица (гIв) абидал дир бетIергьан Аллагь вугин, жинца хвезарулев ва чIагоги гьарулев абун, гьев Намрузица абуна: «Дицаги чIаго гьарула ва хвезеги гьарула» – абун. Цинги Ибрагьимица гьесда абуна: «ТIадегIанав Аллагьас бакъ баккинабула бакъ баккул рахъалъан. Мун вачIаха гьеб бакъги бачун бакъ тIерхьул рахъалдаса» – абун. Цинги гьев Намруз жаваб кьезе кIвечIого хIайранлъана ва жив хIинкъун, нахъе къана. Аллагьас (عز وجل) капураб, къосараб къавм хIакъаб жоялда тIоритIунаро ва гьезие бергьенлъиги кьоларо**.


Намрузица «дицаги чIаго гьарула ва хвезарула» – абураб ргIи абуна жиндир ахIмакълъиялъ ва хIалхъублъиялъул гучалъ. Цо хабаралда буго: Намрузица кIиго чи ахIана жинда цеве ва гьев кIиявго чIвазе хIукму гьабуна. Хадуб цояв чIван, цояв чIаго тана ва доб ргIиялъул магIна гьаб бугин абуна. Гьесул ахIмакълъи бихьидалго Ибрагьим (гIв) аварагас Аллагьасул (**عز وجل**) хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб цоги мисал бачана Намрузие: Аллагьас бакъбаккудаса баккизабулеб бакъ дуца бакътIерхьудаса баккизабе абун. Цинги Намруз мацI лъаларев чи гIадин гьабизе жо тIагIун ва жаваб кьезе лъачIого хутIана.

**259. Цогиги чиясул къисаялъул пикро гьабе МухIаммад ﷺ!** Гьев ГIузайр вугоян абуна гIемерисел гIалимзабаз. **Цо чIунтараб, биххун тIатIала ккараб росоялда аскIосан жив арав ва жинцаги абурав: ГьадигIанго чIунтараб росо чIаго гьаби ва гьеб цIидасан гIуцIи цIакъ кIудияб жо буго. Киндай Аллагьас (عز وجل) гьаб чIаго гьабине бугеб абун.** Гьеб чIунтараб росоги байтулмукъадас букIана, Бухтунасар абулев капурав ханас чIунтизабураб. Гьав чи муъминчи вукIана, гьесул цIарги ГIузайр буго абуна гIемерисел гIалимзабаз. Жинца гьаб ргIи абуна Аллагьасул хIалкIолъи тIадегIан гьабун ва гьелда гIажаиблъи гьабун.

**Цинги ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьев ГIузайр хвезавун нусго соналъ тана, хадув чIаго гьавун тIад вахъинавуна. ТIадегIанав Аллагьас гьесда гьикъана: «кигIан мех бараб дуца гьаб бакIалда» – абун. ГIузайрица абуна: «Цо тIобараб къо бана, яги гьелдасан дагьаб заман бана» – абун.**

**Хадуб Аллагьас абуна: «Нусго сон бана. Гьанже мун валагье дуда цадахъ букIараб квен-тIехалда, щибго хисичIого буго гьеб. Хадув мун валагье гьаб мунгун цадахъ букIараб хIамаялда:** гьеб хун, гьан турун, рукьби хутIун рукIана хIама букIараб бакIалда. **Гьаб гIаламат дица гьабуна мун гIадамазе мугIжизатлъун вукIине** ва дудаги якъинго лъазе дир къудрат камилаб букIин. **Гьанжеги мун валагье киндай дица гьаб хIамаялъул рукьби цоцазда аскIор рекъезарулел ва кин гьезда тIад гьанги тIонги рекIинабулеб» – абун**. Валагьун ГIузайиргун гьеб хIама ццебе букIахъе чIаголъана. **Гьал кIудиял мугIжизатал жинда рихьидал ва баянлъидал ГIузайрица абуна: Дида якъинго, берда бихьун, лъала хIакълъунго Аллагь (عز وجل) кинабго жоялда жиндир хIалкIолев вукIин – абун.**

Гьаб лъабго аяталда жанир (58, 59, 60) рицарал къисабазда абулеб буго «Аллагьас абуна» абун. Гьелъул магIна гьечIо живго Аллагь кIалъана ГIузайрида ва Ибрагьимида абураб. Гьезда Аллагьас (**عز وجل**) жиндир мурад щвезабуна малаикзаби гьезухъе ритIун. Цоги кантIизе рекъараб жо буго: цониги авараг вукIунаро Аллагьасул хIалкIолъиялда щаклъулел, Аллагьасул амруялда нахърилъине кIвахIаллъулел, я цогидаб кинаб бугониги мукъсанаб сипат жидее бугел. Гьел хириял аварагзабаз жудер умматалъе далиллъун, хIужалъун букIине цо-цо жо Аллагьасда (**عز وجل**) гьарула, гьесдехун суал гьабун кIалъала. Цинги Аллагьас бихьизабураб мугIжизат ва аварагзабазе кьураб жаваб умматалъе бугеб далил ва хIужа букIуна.


الجزء الثالث — سورة البقرة

وَإِذْ قَالَ إِبْرَٰهِـۧمُ رَبِّ أَرِنِى كَيْفَ تُحْىِ ٱلْمَوْتَىٰ ۖ قَالَ أَوَلَمْ
تُؤْمِن ۖ قَالَ بَلَىٰ وَلَٰكِن لِّيَطْمَئِنَّ قَلْبِى ۖ قَالَ فَخُذْ أَرْبَعَةً مِّنَ
ٱلطَّيْرِ فَصُرْهُنَّ إِلَيْكَ ثُمَّ ٱجْعَلْ عَلَىٰ كُلِّ جَبَلٍ مِّنْهُنَّ جُزْءًا
ثُمَّ ٱدْعُهُنَّ يَأْتِينَكَ سَعْيًا ۚ وَٱعْلَمْ أَنَّ ٱللَّهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ
﴿٢٦٠﴾ مَّثَلُ ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ أَمْوَٰلَهُمْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ كَمَثَلِ حَبَّةٍ
أَنۢبَتَتْ سَبْعَ سَنَابِلَ فِى كُلِّ سُنۢبُلَةٍ مِّا۟ئَةُ حَبَّةٍ ۗ وَٱللَّهُ
يُضَٰعِفُ لِمَن يَشَآءُ ۚ وَٱللَّهُ وَٰسِعٌ عَلِيمٌ ﴿٢٦١﴾ ٱلَّذِينَ يُنفِقُونَ
أَمْوَٰلَهُمْ فِى سَبِيلِ ٱللَّهِ ثُمَّ لَا يُتْبِعُونَ مَآ أَنفَقُوا۟ مَنًّا وَلَآ
أَذًى ۙ لَّهُمْ أَجْرُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ وَلَا خَوْفٌ عَلَيْهِمْ وَلَا هُمْ
يَحْزَنُونَ ﴿٢٦٢﴾ قَوْلٌ مَّعْرُوفٌ وَمَغْفِرَةٌ خَيْرٌ مِّن صَدَقَةٍ
يَتْبَعُهَآ أَذًى ۗ وَٱللَّهُ غَنِىٌّ حَلِيمٌ ﴿٢٦٣﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟
لَا تُبْطِلُوا۟ صَدَقَٰتِكُم بِٱلْمَنِّ وَٱلْأَذَىٰ كَٱلَّذِى يُنفِقُ مَالَهُۥ
رِئَآءَ ٱلنَّاسِ وَلَا يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ ۖ فَمَثَلُهُۥ كَمَثَلِ
صَفْوَانٍ عَلَيْهِ تُرَابٌ فَأَصَابَهُۥ وَابِلٌ فَتَرَكَهُۥ صَلْدًا ۖ لَّا يَقْدِرُونَ
عَلَىٰ شَىْءٍ مِّمَّا كَسَبُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ لَا يَهْدِى ٱلْقَوْمَ ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿٢٦٤﴾

٤٤

**260.** Дуца ракIалда щвезабе ва умматалъе насихIат гьабун бице Ибрагьим (гIв) аварагазул къисаги. **Ибрагьимица (гIв) абидалго: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца дида бихьинабе кин дуца хварал чагIи чIаго гьарулел» – абун, ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Мун божуларогонищ вугев хварал чIаго гьаризе дие кIолеблъиялда?» – абун. Ибрагьимица абуна: «Дун божула ва дир ракI чIарабги буго. Кинниги дие бокьун буго кин чIаго гьарулеб бихьун лъазе ва дир ракI парахалъине,** капурал гIадамалгун къацандулеб мехалъ дир хIужаги къуватаб букIине» - **абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Гьедин бугони дуца ункъго хIинчI ккве ва гьел мухIканго чIезаре, данде гьаре. Хадуб гьел хъун, гьан тIетIезабун, цоцалъе жубай. Гьеб жубараб жо мугIрузда тIаде босун гьородахъ бай ва гIодоб рехе. Цинги мун цо бакIалда чIун дуца гьел хIанчIи духъе ахIе – гьел духъе рачIине руго хехго ва нахъбахъи гьечIого. Ва дудаги лъай хIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир гуч бергьарав, жиндаса бергьунеб щибго жо гьечIев вукIин ва жиндир пишабазулъ хIакимияв вукIин» - абун.**

**26I. Аллагьасул (عز وجل) диналъе гIоло гьазават гьабизе боцIи кьолел гIадамазул мисал буго ракьулъе рехараб цо мугь бижун анкьго тIор лъугьараб гIадин, цо-цо тIоралда жиннбги нус-нус мугь бугеб. Аллагьас жиндие бокьарав чиясе гьесул садакъа гIемерго цIикIинабула. ХIакълъунго Аллагь жиндир бечелъи, рахIмат гIатIидав вуго.**

**262. Жидеца Аллагьасул (عز وجل) нухалда боцIи кьолел гIадамал, цинги гьеб кьураб жоялдалъун бадибчIвай гьабун,** яги цогидал гIадамазда бицун дица пуланасе боцIи кьуна абун, **гьев чиясе зарал гьабуларел: гьал гIадамазе ажро кири буго БетIергьанасда аскIоб, гьел къиямасеб къоялъ хIинкъараллъунги рукIине гьечIо, гьел щибго пашманлъизеги гьечIо.** Дунялалда кодоса араб боцIи-мал ахираталда гIемерлъун, кIодолъун гьезие хайиралъе батине буго.

**263. Бусурманчиясда берцинаб рагIи бицин ва гьесие мунагьал чуриялдалъун дугIа гьаби, Аллагьасда (عز وجل) аскIоб лъикIаб буго, гьев чиясе садакъа кьун, я цоги лъикIлъи гьабун, цинги гьеб бадибчIван гьев гIодовегIан гьавиялдаса. ХIакълъунго Аллагь щибго жоялда хIажатав гьечIо, кинабго рахъалъан жив бечедав вуго ва гIадамазда гурхIулев, гьезие гIакъуба хех гьабуларев вуго.**


Жинца гьабураб лъикIлъи бадибчIвай гьабун бицин цIакъ шаргIалда какараб, бусурманчиясул чорхолъ букIине бегьулареб гIодобегIанаб пиша буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Лъабго чи вуго жидеда къиямасеб къоялъ Аллагь (**عز وجل**) кIалъаларел, гьезда Аллагь валагьуларел, гьезул гIамалги къабул гьабуларел ва жидее гIазабги букIунел:*

1. *жинца кьураб жо бадибчIван бицунев чи,*
2. *чIухIдае халат гьабун ретIел хадуб бехъерхъулев чи,*
3. *гьересиял гьаялги гьедун жинца даран гьабулев чиги»-абун.*

Гьаб буго Муслимица бицараб сахIихIаб хIадис.

Цоги хIадис буго: *«Алжаналда лъугьунаро эбел-инсуе къварилъи гьабулев чи, лъикIлъи бадиб чIвалев чиги, хамро гьабулев чиги, Аллагьасул къадаралда божуларев чиги»* – абун.

**264. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца гIадада хвезабуге ва батIул гьабуге нужер садакъа ва цогидаб лъикIаб гIамал, бадибчIвай гьабун ва жидее лъикIлъи гьабуразе квеш букIунеб рагIи бицун. Гьав чи релъдун вукIуна жинца гIадамазе рихьдае (рияалъе) жиндир боцIи кьолев чиясда:** гьезул рецц-бакъ бокьун, гьезие лъикI вихьизе бокьун**, амма живго Аллагьасда (**عز وجل**) ва ахираталда иман лъуравлъун гьечIев. Гьав чиясул мисал буго цо цIвакараб кьуруялда** (гамачIалда) **релъун, жинда тIад ракьги бугеб, хур-херги бижунеб. Цинги цо хехаб, гIемераб цIад бараб ва гьеб ганчIида букIараб кинабго ракьги хур-херги чурун гIодобе араб: гьеб ганчIида тIад хур бекьун рукIарал гIадамалги щибго жо гьабине кIоларого хутIула.** Гьаб мисал буго ахираталъе хайир бугеб хIалалъ дунялалда хьвадизе лъаларел гIадамазул мисал. **ХIакълъунго Аллагьас (**عز وجل**) капураб къавм хIакъаб нухда тIобитIунаро.**




**265. Жидеца Аллагь (**عز وجل**) разилъи тIалаб гьабун ва ахираталда Аллагьасда дандчIвазе рукIин якъинго лъан, боцIи напакъаде кьолел гIадамазул мисал буго цо бечедаб ахалда релъдун, жиб ракьул борхалъуда бугеб: гъветI-херги берцинаб пихъги гьуинаб. Цинги лъикIаб, гIемераб цIад бан жиндир пихъ кIиго нухалъ цIикIун бижараб. Гьедин лъикIаб, гIемераб цIад бачIони жиндие дагьаб цIадги гIолеб ва жинца пихъги кьолеб.** Ракь лъикIаб бакI букIун, рижарал гъутIбиги лъикIал рукIун. Гьаб буго муъминчиясул садакъаялъул мисал: иман камиллъун, Аллагьасе (**عز وجل**) ният бацIад гьабун кьураб жо цIакъго цIикIкIун, хайирлъун ахираталда батулеб. Нагагь гьоркьоб шубгьояб боцIи ккун, яги нияталъулъ рияъ гIадаб жо жубан ккараб мехалъ жиндир садакъа гIадада холарев ва жиндие кири щолев.

**ХIакълъунго БетIергьан Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб гIамал жинда бихьулев вуго.** Загьирабги, батIинабги гIамал бихьулев, лъалев вуго. Гьесда щибго жо балъго хутIуларо ва щивасул гIамалалда рекъараб жаза букIине буго.

**266. Нужер цонигиясе бокьулищ жиндир бечедаб ах букIине, чамасдакил, цIолбол ва цогидал пихъузул. Жинда жаниса лъимги чвахунеб, лъалъазе ва къачIазе ресги бугеб, бокьараб пихъги жаниб бугеб. Цинги гьев чи херлъун, кIодолъун вукIадго, жиндир гIисинаб, загIипаб хъизанги букIадго, жинда цадахъ цIа бугеб гучаб гьуриги пун, гьеб ах бухIун гIодоб лъезе.** Гьаб жо лъиениги бокьиларо, гьадинаб ахир букIин лъалеб бугони гьеб ахги къачIаларо. **ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) гьадин мисалал рачун жиндир аятал ва хIикматал баян гьарула, нужеца гьезул пикру гьабине ва нуж битIараб диналда хьвадине.** Аллагьас (**عز وجل**) гьаб мисал бачана жидеца иманги лъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадулел рукIарал муъминзаби, цо заманалдаса щайтIаналъ къосизарун квешаб гIамал гьабизе тIамиялъе. Херлъун, унтун, хвалда гIагарлъараб мехалъ жидедаса ккараб жо жидее бичIчIарал, амма щибго гьабизе хIилла гьечIого хутIарал. ГурхIел-цIоб гIатIидав Аллагьас ( **عز وجل**) тавбо къабул гьабун, цIаялдаса цIунани, гьезие хвасарлъи букIина.


**267. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца хIалтIун щвараб хIалалаб, бацIцIадаб боцIи, ва дица нужее ракьалдаса рахъинарурал нигIматаздасаги хIалалаб ва бацIцIадаб жо лъикIаб нухалда кье. Нужецца къасд гьабуге къадараб жо кьезеян, нужее гьединаб жо кьуни нужеца гьеб босине букIинчIеб разиго гьечIого гурони. Ва нужеда лъай тIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) цIакъ бечедав вукIин:** Аллагь (**عز وجل**) жиндир сипатал реццарав, жиндие рецц гьабизе мустахIикъав вуго ва дагьабго лъикIлъи гьабурав чиясе гIемераб кири гьабулев вуго.

**268.** ЩайтIаналъ абула: **нужеца Аллагьасе (عز وجل) гIоло боцIи кьоге, нуж пакъирлъине ругин абун. Гьединго щайтIаналъ нуж къабихIал пишаби гьаризеги тIамула. Аллагьас (عز وجل) нужее къотIи гьабулеб буго нужер мунагьал чурилин абун ва Аллагьасе гIоло кьураб жо ахираталда гIемер цIикIкIинабун батилин абунги. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир цIобал гIатIидав, бечелъи гIемерав вуго, реццалъе ва кириялъе мустахIикъал щал ругел жинда лъалевги вуго.**

**269. Аллагьас (عز وجل) гIелму ва гIакълу кьола жиндие бокьарав чиясе. Аллагьас жиндие гIелму кьурав чи жиндие цIакъ гIемераб лъикIлъи кьурав вуго.** гьев чи дунял-ахираталда бахьибугев вукIуна. **Гьаб Къуръаналъул вагIзаги босунаро гьеб рекIелъги биччаларо гIакълудал бетIергьабаз гурони.** Гьелги Аллагьас (عز وجل) иманги гIелмуги цадахъ кьурал гIадамал руго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагаул хIадис буго: *«КIиго чиясулъ гурони хIасад ккезе бегьиларо: Аллагьас жиндие хIалалаб, гIемераб боцIи кьурав, цинги жинца гьеб боцIи Аллагьасул нухда напакъаде кьезеги тIамурав чиясулъ. Аллагьас жиндие хIикмат кьурав (гIелму, пагьмо, бичIчIи) ва гьеб хIикматалда рекъон жинца хIукмуги гьабулев ва жинда льараб хIалалъ гIадамаздаги лъазабулев чиясулъги»-абун*.

ХIасад абула цогидасе бугеб жо жиндиеги букIизе бокьиялда. ХIасад кIиго батIияб буго. Цо буго дов чиясда ракI хъублъун, гьесие бугеб лъикIлъи рихун, гьесдаса гьеб тIаса ине бокьун вукIин. Гьаб хIасад хIарамаб буго ва гьаб муъминчиясул сипат гьечIо. Гьаб хIадисалда бицараб хIасад буго цогидасул бугеб Аллагь разилъулеб лъикIаб гIамал жиндирги букIизе бокьи. Гьадинаб хIасад шаргIалда беццараб буго.




**270. Нужеца щиб жо Аллагьасе (عز وجل) гIоло лъикIаб нухалда кьуниги, яги Аллагь разилъи тIалаб гьабун назро гьабуниги, Аллагь жинда гьеб бихьулев ва лъалев вуго.** Гьелда данде лъикIаб жаза гьебулевги вуго.

**Ва амма жидеца зулмо гьабулел гIадамазе:** паризаяб закат-сахI кьечIого, Аллагьас (عز وجل) хIарам гьабураб бакIалда боцIи хвезабун, **гьал гIадамазе квербакъулел,** ва гьал Аллагьасул гIазабалдаса цIунулев **щивго чи вукIуларо.**

**27I. Нужеца садакъа гIадамазда бихьун гьабуни, гьеб лъикI буго.** Гьелдалъун рияъ гьабулел гьечIони, цогидазги садакъа гьабизе бокьун, гьел нахърилълъине бокьун гьабуни гьеб загьираб садакъа.

**Нужеца садакъа балъго гьабуни ва гьеб пакъирал, мискинал гIадамазе кьуни, гьебги нужее лъикI буго** ва хирияб буго. **Нужеца кьураб садакъаялъ нужер гIисинал мунагьал чурула. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъалев вуго**. Балъго гьабураб лъикIаб гIамал Аллагьасе гIемерго бокьулеб буго.

Садакъа загьирго кьей цо-цо бакIалда лъикIаб букIуна: масала гъазават гьабизе боцIи-мал бакIарулеб бугони, масжид базе, нух-лъим гьабизе бакIарулеб бугони. ГIадамазе лъикIаб мисал бихьизаби, гьезие лъикIаб нух лъей шаргIалда беццараб гIамал буго.

**272. Дуда тIадаб гьечIо МухIаммад ﷺ, гьел гIадамал исламияб диналда хIал гьабун тIоритIине, киннигги ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи тIовитIула хIакъаб диналда. Нужеца гьабураб кинабго лъикIаб гIамал ва Аллагьасе гIоло напакъаде кьураб боцIиги нужерго напсазе бугеб лъикIлъи буго. Нужеца боцIи-мал харж гьабуге Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъикIаб нухалда гурни. Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун щиб жо нужеца напакъаде кьуниги, гьелъул ажро-кири Аллагьас тIубан ва цIикIкIун кьезе буго ва** гьеб боцIи гIадада хвезабун **нужее щибго зулмуги гьабизе гьечIо.**

**273. Нужеца нафакъа кье Аллагьасул (عز وجل) диналъе гIоло гъазават гьабиялда тIад чIарал, цоги хIалтIи гьабуларел пакъирал гIадамазе. Жидер хIалкIолъиги гьечIел сапаралда ун, дарам**

**гьабун магIишат тIалаб гьабизе:** гьел ругелъул кидадай гъазаваталда ахIила абун хIадурун чIун ругел гIадамал. **Гьезул хIал лъаларезда ракIалде ккола гьел бечедал гIадамал ругин абун.** ГIадамазда гьез щибго жо кьеянги абулеб гьечIелъул, хIалтIи гьабинеги рахъунел гьечIелъул. **Гьезул гьумералда балагьун лъала гьел Аллагьасе хIеларал рукIин ва цо къварилъи баччун рукIинги. Гьез гIадамазе хIелун гьездаса щибго жоги тIалаб гьабуларо. Щиб лъикIаб жо нужеца Аллагьасе (**عز وجل**) гIоло нафакъаде кьуниги, Аллагь жинда гьеб лъалев вуго** ва гьелъие лъикIаб жаза гьабинесевги вуго.


**274. ХIакълъунго гьел муъминзаби, жидеца Аллагь (**عز وجل**) разилъи тIалаб гьабун, гьесул диналъе квер бакъулел нухазда, къасиги къадги батIалъи гьечIого, загьиргоги балъгоги жидер боцIи кьолел, - гьезие ажро-кири букIиене буго жидер БетIергьанасда аскIоб. Гьезие ахираталда щибго хIинкъиги букIине гьечIо:** гьел дунялалда рукIадго ахираталъе гIамал гьабурал ругелъул**. Ва жидеца гьабураб лъикIаб гIамал гIадада хун гьелда пашманлъизеги гьечIо.** ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) щибго жо гIадада хвезабуларев, дагьабго гIамалалда данде гIемераб ажро кири гьабулев вуго.

Садакъа кьей, мискин-пакъирасе квер бакъи гьаби цIакъ жиндир ажро кIудияб гIамал буго: инсан жиндие дунялалъул боцIи бокьулевлъун вугелъул гьеб жиндие бокьараб жо цогидазе кьезе кIвей иман букIиналъул гIаламат буго.

*жинда Аллагь разилъаяв ГIусман асхIабас цо гъазаваталда авараг хIадурлъулеб мехалъ Аллагьасе гIоло азарго варани кьуна жидер кьили-къайигун цадахъ. Цинги хирияв аварагасда ﷺ цебе азарго динарги лъуна (динар – меседалъул гьурущ). Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьел динарал квералъ доре гьанирехун сверизаризе лъугьана ва жинцаги абуна:*

*«ГIусман асхIабасе щибго къварилъи букIинаро жакъа къоялдаса хадуб гьес гьабураб жоялъул» – абун.*

*Цинги ГIабдурахIман (ра) ГIавпил вас вачIана ва ункъазарго динар лъуна аварагасда ﷺ цебе, жинцаги абуна: «Дир микьазарго динар букIана. Дица гьаб ункъазарго динар дир бетIергьан Аллагьасе (**عز وجل**) къарзалъе кьолеб буго. Ункъазарго хъизаналъул хIажатазеги тана» – абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна; «Аллагьас дуе баракат гьабеги дуца кьураб жоялъулъ, ва дуда аскIоб тараб жоялъулъги»– абун.*




**275. Жидеца риба хIалтIинабулел ва гьелдалъун гIадамазул боцIи кваналел гIадамал къиямасеб кьоялъ тIаде рахъунаро жундуца ккурал гIадамазда релълъун гурони. Гьадин инжит гьарун гьел тIаде рахъинариялъе гIилла буго гьез абулеб букIин рибаги цогидаб даранги релълъараб жо бугин абун. Аллагьас (**عز وجل**) дарам хIалал гьабуна ва риба хIарам гьабун буго. Аллагьасда иман лъурав, Къуръаналда нахъвилъун риба гьабиги тарав чиясе, жинца цебехун гьабураб рибаялдалъул щвараб боцIи хIалал букIина.** Гьес риба гьаби гьеб хIарам гьабилелде ццебе ккун бугелъул. **Ва гьесул амру Аллагьасе (**عز وجل**) бокьухъин букIина. Риба хIарамаб букIин лъан хадубги гьелда тIад руссарал гIадамал жужахIалъул агьлу буго ва гьел даимго рукIинелъун гьенир лъугьинарула.**

**276. Аллагьас (**عز وجل**) риба гьабиялдалъун чиясул боцIудаса баракат ине гьабула**, ва загьиралда гьесул боцIи-мал гIемерлъулеб бугониги ахираталда жиндие гIазаб къварилъиялъе батуна. **Садакъаде къураб боцIи жиб цIикIкIунеб ва гIемерлъулеб буго. ХIакълъунго Аллагьасе вокьуларо жинца гьесда инкар кколев, шаргIалда хилиплъун кIудиял мунагьал гьарун хьвадулев чи.**

**277. ХIакълъунго Аллагьасда (**عز وجل**) иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел гIадамал, паризаял какалги ралел, паризаяб закат-сахIги кьолел, гьал руго жидее Аллагьасда аскIоб ажро-кири**

**бугел, гIадамал хIинкъулеб ахир къоялъ жидее хIинкъиги букIунарел, дунялалда гьабураб гIамалалда жалги пашманлъуларел.**

**278. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж унго-унгояб хIалалъ Аллагьасда божа ва гьесул гIазабалдасаги хIинкъа. Ва нужеца риба гьабун гьабураб дарамалъул тIокIлъи босуге, гьеб дарамги битIаралда сверинабе, нуж муъминзаби ратани.**

**279. Нуж гьаб амруялда мутIигIлъичIони ва нужеца риба гьабиги течIони, нужеда лъай, нуж Аллагьасдаги (عز وجل), гьесул аварагасдаги ﷺ рагъ лъазабулел гIадамал рукIин.** Ай нуж руго Аллагьасул хIукму хвезабулел гIадамал, нужеда Аллагьас (عز وجل) рагъ гьабула. **Нужеца тавбо гьабуни, нужерго боцIцIи нахъе босине ихтияр буго,** тIаде шартI гьабураб тIокIлъи босичIого**. Нужеца гIадамазе зулму гьабичIого ва нужеегоги зулму гьабичIого.**


**280. Жиндаса налъи-къарз бугев чи мискинав ватани, гьев кодоб жо щвезегIан те, налъи кье абун тIад чIоге.** Жагьилаб заманалъ нужеца абулеб букIараб рагIи абуге: я нижер налъи кье я гьелда тIад риба гьабе абун: ай налъи нахъбахъун таралъухъ тIокIлъи кье абун. **ГIемерго рес гьечIев мискинав, пакъирав чиясе гьеб налъи тIаса лъугьун тани, гьеб нужер ахираталъе хайир бугеб лъикIаб гIамал буго. Гьаб амру нужеда лъалеб батани нужеца яхI бахъе ахираталда батулеб лъикIаб гIамал гьабизе.**

Налъуласда гурхIел гьабиялъул, гьесдаса дагьаб рехунги я тIобанго рехунги налъи тIаса рехиялъул, гьесие гIакъуба кьун гутIиялъул бицарал мухIканал хIадисал руго ва гьеб цIакъ Аллагьасе (**عز وجل**) бокьунеб гIамал буго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«жинца налъулав нахъвахъун тарав (ай налъи кьезе мех щведалго заман нахъбахъун тарав) яги жинца налъуласдаса налъи тIаса рехарав чиясе Аллагьас (**عز وجل**) къиямасеб къоялъ рагIад гьабула жиндир рагIадалдалъун, гьесда жужахIалъул бухIинги хъваларо»*- абун

Рибаялъул киналго хIукмаби рицизе ккани гIемераб жо хъвазе ккола. Гьаб заманаялда машгьураб ва гIемер гIадамаз хIалтIизабулеб риба буго гIарац хIалтIизабизе боси, тIад кьолеб хайиралъул бутIа (процентал) къотIи гьабун. Гьаб хIалалъ гIарац банкалдаса босаниги, гIадамазухъан босаниги щибго батIалъи гьечIо, гьеб жо щибго шаклъи гьечIеб риба буго.

**28I. Нуж хIинкъа Аллагьасде (عز وجل) руссинарулеб къаялдаса. Цинги щибаб напсалъе гьелъ гьабураб гIамалалъул хIисаб-мизан тIубан гьабулеб, ва цониги чиясе щибго зулмуги гьабулареб.** ЛъикIлъи гьабурасул лъикIлъи дагь гьабулареб ва квешлъи гьабурасул квешлъи цIикIкIинабулареб. щибго зулмуги гьабулареб. Гьаб аят рештIун хадуб хирияв аварагас ﷺ дунялалда ичIго къо бана. Гьесул унти бай бихьана шамат къоялъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг дунялалдаса ватIалъана итни къоялъ-рабигIул аввалалъул кIиабилеб къоялъ.




**282. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца заман цIан цо жо бичун ва босун, налъи гьабураб мехалъ нужеца гьеб налъи хъвай. Гьеб налъи жинца хъвалесги хиянат гьабичIого битIун хъвай абе. Цо хъвазе лъалев чиясухъе щиб бугониги жо хъваян гьарун рачIараб мехалъ, гьев чиясда Аллагьас (عز وجل) хъвай-цIали лъазабун бугелъул, жинца гьел гIадамал нахъчIваларо хъваялдаса.** Аллагьас жиндие кьураб нигIматалда данде щукру гьабиялда релъун буго гьеб. **Гьев чияс хъвай ва гьесда жинда бугеб налъи бице налъи тIад бугес. Ва гьев Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа гьереси бицине яги хиянат гьабизе. Щибго жо балъго гьабичIого, гъоркьобе течIого бице ва хъвай.**

**Жинда хIакъ бугев чи загIипав, яги ахIмакъав, яги жинда налъи бицине кIоларев, лъаларев ватани, гьесул валияс бице налъул хабар, ритIухъаб хIалалъ. Цинги гьаб кагъат хъваялда ва гьезда гьоркьоб бугеб хIакъалъе кIиго бихьинчи нугIги чIезаве. КIиго чи гьечIони цо чиги кIиго чIужу гIаданги чIезаре нугIзаллъун, нуж гьезда разиял, хиянат, гьереси гьечIел гIадамаздаса.** КIиго чIужугIадан нугIлъун чIезае цо чиясул бакIалда: **нагагь гьей кIиялъулго цоялда кIочIараб жо цогидалъ ракIалда швезабизе гIоло буго.** Руччабазул гIакъло камиллъи букIунаро ва гьезие хехго лъикIабги квешабги жо кIочола.

**НугIлъи гьабизе ахIараб мехалъ нахъчIван чIечIого гьел нугIзал ахIараб бакIалда ун нугIлъиги гьабе. Налъи гьитIинаб бугониги, кIудияб бугониги хъвазе кIавахIаллъун тоге, заман цIараб налъи бугеб мехалъ. Гьедин хъвай ва нугIзал чIезари Аллагьасда (عز وجل) аскIоб битIараб гIадло буго.** Налъи хъван букIин ва нугIзал чIезарураб букIин **нугIлъи битIун гьабизе квербакъулеб буго ва нуж шакдаричIого рукIине лъикIабги буго.**

Кидагойишха налъи хъвалеб, ва нугIзалги чIезарилел абуни: **гIисибикъинаб даран-базаралъе къваригIинаро нугIзал ва хъвай: нужеца кодоса кодобе кьолеб, ва шибаб къойилго гьабулеб, заман цIанги букIунареб. Нужее мунагь-хIакъ гьечIо гьединаб налъи хъвачIого танин абун.** Базаралдаса кванил сурсат боси, ретIел-хьит боси, гьеб бакIалдаго гIарацги кьун, - гьаб гIадамаз къойилго гьабулеб дарам буго ва гьелъие хъвай ва нугIзал къваригIунаро.


**Даран гьабулеб бакIалда нугIзалги чIезаре. НугIас яги хъвалев чияс заралги гьабизе бигьиларо: хиянат гьабиларо, хIилла гьабиларо, нагагь гьединаб иш гьабуни, нуж Аллагьасул (عز وجل) амруялда гIасилъарал пасикъал чагIи рукIуна. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа, гьес нужеда кинабго лъикIаб жо лъазабулеб буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев,** бихьунев ва ргIунев вуго.

Гьаб аяталда жаниб бицарб налъи хъвай ва нугIзал чIезари шаргIияб хIукму буго. Киннигги бусурбабаз гьаб хIукму кIвар гьечIого тун буго ва гьеб сабаблъун бусурбабада гьоркьоб гIемераб питна, хIатта чIвай-хъвейги ккола. Цо щиб бугониги иш гьабулеб мехалъ бусурбабаз гьеб гьабилелде ццебего шаргIалда борцине ккола. Гьедин гьабураб иш хадуб битIун ккезабизе бигьаяб букIуна. Щибго кIвар гьабичIого нафсалъе бокьараб гьабун даран – базар ва цогидаб ишги шьабун цинги гьелъул хIукму гьабизеян шарагIалда рачIуна бусурбаби. Щивав чиясда тIадаб буго жинца гьабулеб гIамалалъул хIалалаб - хIарамаб, бегьулеб - бегьуларе жо лъазаби. Кинабго гIелму ва шаргIияб хIукму лъай цо хассал гIадамазда тIад бугеб фарзукифаят буго.

==========

Анас асхIабасдаса (ра) хIадис бицана:

Бичасул расулас ﷺ абуна: «***Цо къварилъи щвана абун нужер цонигиясда ракIалде ккоге дун холев анищ абун. Нагагь хвеялда хьул лъолеб хIал бугони, жинца абе: Я Дир Аллагь! Дие чIаго вукIин лъикIаб бугебгIан мехалъ дуца дун чIаго те, дие хвел лъикIаб бугеб мехалъ дуца дун хвезеги гьаве абун.***




ХIадис Бухарияс ва Муслимица (ра) бицана.

**283. Нуж сапаралда рукIун нужее хъвалев чи щвечIони, нужеца гьоркь лъелалъе жо кье. Нуж цо-цаде божани, ва хъвачIого, нугI гьечIого, гьоркь жо лъечIого налъи гьабун бугони, нужеца цоцазе гьабураб божи хвезабуге ва аманатги тIубай, гьелъулъ хиянат гьабизе БетIергьан Аллагьасдасаги хIинкъа. НугIлъи гьабизе тIад босарав чияс гьебги бахчуге**, ва жив ахIараб мехалъ нугIлъи гьабизе а. **Гьеб нугIлъи бахчарав чи жиндир ракIалъ мунагь гьабулев вуго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда лъалев вуго.**

**284. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) мулк буго зобал-ракьалги ва гьезда жаниб бугеб цогидаб махлукъатги,** гьеб кинабго Аллагьасе бихьулеб буго, гьелда тIад гьесул хIал кIолъиги буго. **Нужеца ракIазда бугеб жо загьир гьабуниги, балъго гьабуниги,** гьеб Аллагьасда лъала **ва гьелъул Аллагьас хIисаб гьабине буго. Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи тIасса лъугьун тола, ва жиндие бокьарасе гIазабги гьабула. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабине хIал кIолев вуго.**

**285. Русулуллагьас ﷺ иман лъуна жинда БетIергьанас рештIинабураб Къурьаналда ва цогидал муъминзабазги гьелда иман лъуна. Киналго муъминзабаз иман лъола Аллагьасда (عز وجل) гьесул малаиказдаги, гьес рештIинарурал тIахьаздаги, гьесул киналго аварагзабадаги.** Гьал муъминзабаз абула: **«нижеца аварагзабада гьоркьоб щибго батIалъи гьабуларо ва киназдаго иман лъола» - абун.** Ягьудияз ва насранияз цо аварагасда иман лъола цогидазда лъоларо. **Муъминзабаз абула: «нижеда дур амру рагIана, нижеца гьеб къабулги гьабуна ва дуе ниж мутIигIлъана. Нижеца дудаса мунагьал рахчи гьарула БетIергьан Аллагь (عز وجل) ва ниж киналго дуда руссунел руго»-** абун.

**286. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) напсалда тIад лъоларо гьелъие гьабине кIолеб таклиф** (тIадкъай, парз) **гурони. Ва щибаб напсалъе жинца гьабураб лъикIаб гIамалалъул кири букIине буго, жинца гьабураб квешаб гIамалалъул кIал гьикъи ва гIазаб букIине буго. Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижее гIазаб гьабуге нижеда кIочараб ва ниж хатIаълъун ккараб жоялъул. Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижеда тIадеги къаге раччине захIматал таклифал, дуца цересел умматазда тIад къарал гIадин.** Масала: Бануисраилазул тавбо гьаби напс чIваялдалъун букIана, ратIлил чороклъараб бакI къотIун нахъе реххи букIана. Гьадинаб захIматаб жо тIаде къаге нижеда абураб магIна бичIчIулеб буго гьаб цебе бицараб рагIиялдаса.

**Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Нижеда тIубазе ва баччине кIолареб жоги тIад биччаге.** Нижер хIалбихьи гьабун ракъи-къеч, унти-балагь тIад биччаге. **Дуца нижер мунагьал рахчун те, гьел тIасса инарун, мун нижеда гурхIа.**

«вагIфугIанна»-ялъе гIалимзабаз магIна гьабуна дудаги нижедаги гьоркьор ругел мунагьал тIаса лъугьун те абун. «вагъфирлана»-ялъе магIна гьабуна нижеда ва дур лагъзадерида гьоркьор ругел мунагьал рахче абун. Гьел нижер къабихIал гIамалазда раккизаруге абураб магIна буго гьелъул. «вархIамна»-ялъе магIна гьабуна нахъ хутIараб гIумруялъ ниж муназулъ ккеялдаса цIуне абун.

**Мун нижер хан вуго, нижее квер бакъулевги вуго,** нижер киналго умуразул тадбир гьабулевги вуго. **Дуца нижее квербакъе Аллагь дур тушбабилъун ругел ва нижерги тушбабилъун ругел**


**капураб къавмалда тIад бергьенлъи босизе.** Мун цо вукIиналда мукIурлъуларел, Дур диналда инкар ккурал, Дур аварагзабада иман лъоларел. Мун гуресе жудеца лагълъи гьабулел, ва Дуца бижараб махлукъаталъе лагълъи гьабун дудехун ширк гьабулел. Дуда иман лъурал муъминзабаде данде тушманлъиялъул киналго къагIидаби хIалтIизарулел: хIила, макро, гукки, рагъ гьаби, гIодорегIан гьари, лагълъиялде ккезе гьари ва цогидалги гIемерал умурал руго гьез гьарулел.

**Мун нижер хан вуго, нижее квер бакъулевги вуго,** нижер киналго умуразул тадбир гьабулевги вуго. **Дуца нижее квербакъе Аллагь** дур тушбабилъун ругел ва нижерги тушбабилъун ругел **капураб къавмалда тIад бергьенлъи босине.**

ТIадегIанав Аллагьасул квербакъиялдалъун суратул- бакъараталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

سورة آل **عمران**

**3. Сурату - Ал ГIимран**




**I. ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъала гьал хIурупал абиялдалъун бугеб жиндир мурад.**

**2. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жив цогояв,** жиндие лагълъи гьабулев **цоги алагь гьечIев вуго, жив чIагояв, лагъзадерил умурал жиндир тадбиралдалъун тIубалев вуго.**

**3.ТIадегIанав Аллагьас дуде Къуръан рещтIинабуна МухIаммад ﷺ., мун хIакъав авараг вукIин бицунел мухIканал, баянал хIужабаздалъун ва гьалда цере рещтIинарурал тIахьалги жинца ритIухъ гьарулеб. Гьединго Инжилги, Тавратги рещтIинабуна.**

**4. Къуръан рещтIинабилелде ццебеккун, гьел тIахьал гIадамал диналда тIоритIулеллъун рукIине. Ва хIакъабги батIулабги жо батIа гьабиги малъана гьел тIахьалги рещтIинарун. Къуръанги рещтIинабуна** жинца хIалалаб ва хIарамаб жо, къосин ва тIоритIи баян гьабулеблъун.

**Жидеда Гьал тIахьалги рещтIинарун хIакъаб жо лъан хадубги жидеца Аллагьасул** (عز وجل) **аятазда ва аварагзабазда инкар кколел гIадамазе цIакъ гучаб гIазаб букIине буго. ХIакълъунго Аллагь жинда гIасилъараздаса ццин босизе кIолев вуго ва жив цIакъ гучав, жиндир амру нахъчIвазе кIолеб щибго жо гьечIев вуго.**

**5. ТIадегIанав Аллагьасда** (عز وجل) **зобалазда ва ракьазда бугеб щибниги жо балъго хутIунаро.**

**6. Гьев Аллагь** (عز وجل) **эбелалъул рахIмуялда жаниб жиндие бокьараб хIалалъ нужер сурат хъвалев вуго. Жив гурев цоги Аллагь гьечIев вуго:** жиндие лагълъи гьабулев ва жинца кинабго махлукъат хьихьулев ва гьелъул тарбия гьабулев**, жиндир ханлъи гучав, жинда данде щибго жо бачIунарев вуго. Жиндир гьабулеб пишаялъулъ хIакимияв вуго: гIаламалъул тадбир мухIканго ва камилго гьабулев.**


**7. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго жинца дуде Къуръан рещтIинабуравги. Гьеб Къуръаналда жанир жидер магIна бичIунел ва далиллъун рукIин баянал аятал руго. Цоги аятал руго Къуръаналда жанир жидер загьираб магIна гьабун хал гьабураб мехалъ гIемерисел гIадамазда гьездаса шаргIияб хIукмо босизе кIоларел. Жидер магIна ва мурад гIалимзабаца баян гьабулел. Жидер ракIазулъ унти бугел мунапикъал гIадамал нахърилълъунел руго гьединал аятазда ва гьел аятал хIалтIинарулел руго бусурбабазда гьоркьоб питна гьабиялъе гIоло ва гьел аятазул мекъаб магIна гьабизе гIологи.**

**Аллагьас (عز وجل) Къуръаналда жаниб баян гьабичIого тараб жоялъул магIна Аллагьасда гурони лъаларо. Аллагьас жидее гIелму кьурал гIадамаздаги лъала гьеб Къуръаналдаса Аллагьас лъазабураб къадар. Жидеда магIна бичIчIичIеб жоялъул хIакъалъулъ гIалимзабаз абула: «нижеца иман лъола Аллагьасда ва гьесул калам Къуръаналдаги. Гьеб кинабго**

**Аллагьасул калам буго» - абун. ХIакъаб жо бичIчIунаро ва гьелъул вагIзаги босуларо Аллагьас жидее гIакъло ва бичIчIи кьурал муъминзабаз гурони.**

**8. Жидер иман камилал муъминзабаз абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل), дуца нижер ракIал хIакъаб диналдаса руссинаруге, дуца нижеда хIакъаб дин лъазабун ва гьелда ниж тIоритIун хадуб. Ва дуца нижее дур рахъалъан рахIмат, цIобги кье. ХIакълъунго мун гIемер гурхIел-рахIмат кьолев вуго ва дуе рокьарал муъминзаби хIакъаб диналда тIоритIулев вуго» - абун.**

**9. Я нижер бетIергьан Аллагь (عز وجل)! Мун кинабго халкъ жиндилъ щаклъи гьечIеб къиямасеб къоялъ данде гьарулев вуго. Ва хIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жиндир къотIуе хилиплъи гьечIев вуго.**




**I0. Аллагьасул гIазаб рещтIараб мехалъ капурал гIадамазе щибго кумек гьабуларо ва гIей гьабуларо гьезул боцIиялъ ва лъималаз. Гьел гIадамал руго жидер чурхдуздалъун жужахI боркьулеллъун.** Дунялалъул цIа цIулги лъун бакунеб гIадин, жужахIалъул цIа капурал гIадамазул чурхдуздалъун ва гьез жидее лагълъи гьабурал хъанчаздалъун боркьула.

**II. Киналго капурзабазул хIал жидеда церехун рукIарал пиргIавнил къавмалъул ва цогидал капурзабазул хIалалда релълъун буго. Гьел киназго Аллагьасул (عز وجل) гIаламатал: аварагзаби ва тIахьал гьереси гьаруна, цинги Аллагьас гьезие гIазаб гьабуна жидер мунагьал сабаблъун. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда гIасилъарал лагъзадерие гIакъуба-гIазаб гучав вуго.**

**I2.** Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Бадроялда рагъ гьабун, къурайшияздаса бергьун Мадинаялде вачIараб мехалъ, жинца киналго ягьудиял данде ахIана ва гьезда абуна:

«Я гьал ягьудиял! Нуж иман лъун исламалде рачIа, Бадроялда къурайшиязде щвараб гIадаб балагь нужеде щвелелде цере, нужеда дун хIакъав авараг вукIинги лъалеб бугелъул» – абун. Ягьудияз абуна: «Я МухIаммад! Мун чIухIуге Бадроялда жагьилал, рагъ лъаларел къурайшияздаса бергьанин абун. Мун нижгун вагъизе вахъани, дуда лъазе буго, ниж бахIарзал рукIин, ва ниж гIадал рагъухъаби дуда данде чIваларо» – абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIинабуна:


**Дуца капурзабазда абе МухIаммад ﷺ нуж рагъда къезе руго, ва ахираталда жужахIалде руссинаризеги руго. ЦIакъ квешаб бусен буго гьеб жужахIалъул цIа.** Гьаб аятги аварагасе ругел мугIжизатаздаса цо мугIжизат буго: капурзабазда нуж къезе руго абун бицин ва хадуб гьеб хабар хIакълъун бихьиги.

**I3. Нужее вагIза босизе, пикро гьабизе гIаламат букIана кIиго рагъуе данде чIвараб къокъаялъулъ: цо къокъа Аллагьасул диналъе гIоло рагъулеб ва цоги къокъа капурзабазул бо, щайтIаналъул нухалда рагъулел. Гьел капуразул беразда бусурбаби кIиго нухалъ гIемер ругин абун бихьана ва гьезул ракIазулъ хIинкъиги рехана. Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чиясе квербакъи гьабула. Гьаб аяталда жанибги гIакъло - лъай бугел гIадамазе пикро гьабизе ва вагIза босине гIураб тIоритIел буго.**

**I4. Дунял тIаса бишарал гIадамазе берцин бихьизабун буго чорхое бокьулеб, гьава-напсалъ тIалаб гьабулеб жо, щиб гьеб абуни: руччаби руго гьел ва васалги руго ва гIемераб месед-гIарацалъул ва цогидаб жоялъул хазинаги буго, чIухIарал, тайпа цIакъал чуялги руго. ХIайваналги руго ва ах, хур-херги буго. Гьаб кинабго жо буго дунялалъул рукъалъул бечелъи, берцинлъи ва магIишат.** Жиб хехго тIасан унеб, жинда щибго божи гьечIеб, жиб сабаблъун гIемер

рекIел къварилъи тIаде бачIунеб. жакъа букIаниги метер тIасан унеб. **Ва амма Аллагь (عز وجل) вуго муъминзабазе жинда аскIоб цIакъ берцинаб руссин бугев ва лъикIаб ажро кириги бугев.**

**I5. Дуца гIадамазда абе МухIаммад ﷺ: дица нужеда бицилищ дунялалъул нужее бокьулеб магIишаталдаса нужее лъикIаб жо? Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал муъминзабазе гьесда аскIоб ахираталда хIадурун руго жидеда жанисан рахьдал ва гьацIул, тIагIамаб лъималъул ва лазатаб хамроялъул гIорал чвахулел алжаналъул ахал. Гьел алжаназда муъминзаби лъугьизарула даимго рукIинелъун. Кинабго ракI къалеб жоялдаса жал рацIцIадал ва кинабго лазат щолеб тIабигIат бугел руччабиги руго гьел алжаназда. Бищунго кIудияб нигIмат Аллагь (عز وجل) разилъи, ва гьев вихьи буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) лагъзадерил рекIел хиялалги лъалев вуго,** ва кинавго инсанасе гьесул гIамалалда рекъараб жаза гьабулевги вуго.


الجزء الثالث — سورة آل عمران

الَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَآ إِنَّنَآ ءَامَنَّا فَٱغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَا
وَقِنَا عَذَابَ ٱلنَّارِ ﴿١٦﴾ ٱلصَّٰبِرِينَ وَٱلصَّٰدِقِينَ وَٱلْقَٰنِتِينَ
وَٱلْمُنفِقِينَ وَٱلْمُسْتَغْفِرِينَ بِٱلْأَسْحَارِ ﴿١٧﴾ شَهِدَ ٱللَّهُ
أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ وَأُو۟لُوا۟ ٱلْعِلْمِ قَآئِمًۢا
بِٱلْقِسْطِ ۚ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿١٨﴾ إِنَّ ٱلدِّينَ
عِندَ ٱللَّهِ ٱلْإِسْلَٰمُ ۗ وَمَا ٱخْتَلَفَ ٱلَّذِينَ أُو۟تُوا۟ ٱلْكِتَٰبَ
إِلَّا مِنۢ بَعْدِ مَا جَآءَهُمُ ٱلْعِلْمُ بَغْيًۢا بَيْنَهُمْ ۗ وَمَن يَكْفُرْ
بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ فَإِنَّ ٱللَّهَ سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿١٩﴾ فَإِنْ حَآجُّوكَ
فَقُلْ أَسْلَمْتُ وَجْهِىَ لِلَّهِ وَمَنِ ٱتَّبَعَنِ ۗ وَقُل لِّلَّذِينَ أُو۟تُوا۟
ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْأُمِّيِّـۧنَ ءَأَسْلَمْتُمْ ۚ فَإِنْ أَسْلَمُوا۟ فَقَدِ ٱهْتَدَوا۟ ۖ
وَّإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّمَا عَلَيْكَ ٱلْبَلَٰغُ ۗ وَٱللَّهُ بَصِيرٌۢ بِٱلْعِبَادِ ﴿٢٠﴾
إِنَّ ٱلَّذِينَ يَكْفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَيَقْتُلُونَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ
بِغَيْرِ حَقٍّ وَيَقْتُلُونَ ٱلَّذِينَ يَأْمُرُونَ بِٱلْقِسْطِ مِنَ
ٱلنَّاسِ فَبَشِّرْهُم بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٢١﴾ أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ حَبِطَتْ
أَعْمَٰلُهُمْ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ ۖ وَمَا لَهُم مِّن نَّٰصِرِينَ ﴿٢٢﴾
٥٢

**I6.** Гьал цере рехсарал алжанал хIадурун руго **жидеца абулел муъминзабазе: «Я нижер бетIергьан Аллагь! Ниж дуда ва дур аварагзабазда ва тIахьазда иман лъурал руго. Дуца нижер мунагьал рахче, Аллагь (عز وجل), ва дуца ниж жужахIалдасаги цIуне» – абун.**

**I7.** гьел муъминзаби руго: **Аллагьасе (عز وجل) тIагIат-гIибадат гьабиялда сабро гьабулел ва гьесда гIасилъиялдасаги сабро гьабулел. Жидер иманалъулъ ритIухъал ва рагъда тущмангун данде чIваниги ритIун чIолел:** жал хIинкъуларел, лъутуларел. **Аллагьасде мутIигIал:** къварилъи кканиги, гIатIилъи, рахIат- бечелъи бугониги. **Жидеца хIалалаб боцIи тIалаб гьабун Аллагь разилъулеб нухда гьеб напакъаде кьолел. Ва радакь тIаде рахъун Аллагьасе (عز وجل) тIагIат гьабун, гьесда жидер мунагьал чури гьарулел.**

**I8. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндир лагъзадерида лъазабуна хIакълъунго жиндие лагълъи гьабулев цоги хан гьечIо абун цохIо Аллагь гурев. Гьединго Аллагь цо вукIиналъе нугIлъи гьабуна малаикзабазги, гIелму-гIакълуялъул бетIергьабазги нугIлъи гьабуна гьев цо вукIиналда. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир махлукъаталъул тадбир битIун гьабулев, гьезул ризкъи ва ажал тIубазабулевлъун вуго. Жив гурев цоги Аллагь гьечIев, жиндир гуч бергьарав, жинца кинабго жо гIелму - хIикматалда рекъон хьвадизабулев вуго.**

Гьаб аяталда жаниб тIоритIел буго исламияб диналъул гIалимзаби Аллагьасе хириял рукIиналда ва жидер къадру тIадегIанал рукIиналдаги. ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) гIалимзаби нугIлъун чIезарун, гьезул рахъалъан абулеб буго: «Малаикзабаца ва гIалимзабаз нугIлъи гьабулеб буго Аллагь цо вукIиналда» – абун. Гьаб аят хириял аятаздасан буго.


Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудица бицараб хIадисалда буго: *гьаб шагьидаллагьу абураб аят цIаларав чиясе къиямасеб къоялъ гьеб аят бачIуна нугIлъиялъе ва Аллагьас абула: «дир лагъас дида тIамун буго жиндир амру ва дун диде аманат гьабуразул аманат тIубалев вуго. Гьав дир лагъ алжаналде лъугьизаве – абун.*

**I9. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда разилъулеб ва гьес къабул гьабулеб дин исламияб дин буго. Аллагь цо вукIиналда ракIчIун, гьесул авараг ритIухъ гьавун,** Къуръан-хIадисалда нахъвилълъун гьабулеб дин буго гьеб исламияб дин. Киналго аварагзабиги киналго тIахьалги гьеб исламияб диналдалъун рачIарал руго. Жидехъ тIехь кьурал ягьудиял ва насраниял хилиплъичIо гьезухъе хIакъаб жо бачIун хадуб гурони. **Гьезул хилиплъи ва инкар кквей загьирлъичIо жидер хIал хъублъиялъ гурони. Аллагьасул (عز وجل) аятазда инкар кколел гIадамазда лъан букIа абе: хIакълъунго тIадегIанав Аллагь жидер хIисаб цIакъ хех гьабулев вукIин ва гьезул руссунеб бакI жужахI букIунеблъи.**

**20. Цингиги капураз ва мушриказ дудехун къец гьабуни дур диналъул хIакъалъулъ ва гьез иманги лъолеб гьечIони, дуца гьезда абе МухIаммад, ﷺ «дун тIубанго дир Аллагьасе (عز وجل) мутIигIлъун, дица дир напс гьесда кодоб кьуна ва дун гьев Аллагьасул лагъ вуго. Гьединго Аллагьасе мутIигIал лагъзал руго дида нахърилъларал муъминзабиги»–абун. Цинги дуца жидехъе тIехь кьуразда ва техь кьечIел гIарабияздаги абе: «Аллагьасда (عز وجل) иман льун нуж гьесда мутIигIлъулищ?» – абун. Иман лъун гьел мутIигIлъани гьел хIакъаб диналда тIеритIарал руго. Нагагь иман лъечIого гьел жидерго купруялда чIани, гьелъул дуда щибго гIайиб гьечIо ва дур ракI къварилъуге: дуда тIадаб жо буго гьезухъе хIакъаб дин щвезаби ва гьезда насихIат гьаби. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир лагъзадерил хIал лъалев вуго.**

**2I. Жидеца Аллагьасул (عز وجل) аятазда инкар кколел ва щибго гIиллаги гьечIого аварагзабиги чIвалел, гьединго хIакъаб жоялдалъун амру гьабулел муъминзабиги чIвалел: дуца гьал зулмучагIазда рохел бице, МухIаммад ﷺ, гьезие цIакъ унтизабулеб жужахIалъул гIазаб букIине бугин абун.**

**22. Гьал гIадамал руго дунялалда ва ахираталда жидер кинабго гIамал гIадада хварал ва жидее щивго квербакъулев чиги гьечIел.**




**23. Мун гIажаиблъуларищ МухIаммад ﷺ, жидехъе Таврат кьурал ва гьеб цIализеги лъалел ягьудиязул пишаялда. Цинги гьел ахIидал Тавраталда хъвараб жоялда рекъон хIукму гьабизе рачIаян абун – гьезул цо къокъа хIукму гьабиялдаса мугъ бан унел руго ва гьез Тавраталда гIамал гьабиги толеб буго.** Гьеб буго гьезул тIабигIатги: хIакъаб жоялдаса руссунеб ва батIулаб жо тIаса бищулеб.

Гьаб аят рещтIинабуна: зина гьабурал ягьудиял хIукму гьабизе Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рачIиндал, гьел чIинхица чIвазе хIукму гьабуна. Гьеб хIукму Тавраталдаги бугеб букIана. Ягьудиязул гIалимаз абуна нижер Тавраталда гьединаб хIукму гьечIин абун. Цинги Таврат босун бачIиндал гьениб зиначи чIинхица чIваялъул хIукму батана ва гьел кIиялго ягьудиял чIимих речIчIун чIвана.

Хадубги ягьудиязул къабихIлъи бицун Аллагьас (عز وجل) абулеб буго:

**24.** Гьел ягьудал чIухIун рукIиналъе гIилла буго гьез **абулеб букIин жал аварагзабазул лъимал ругин ва жидеда жужахIалъул цIа хъваларин дагьалго къояз гурони-абун. Гьезул** умумуз бачие лагълъи гьабураб кIикъого къоялъ гурони абун**. жудер диналъулъ гьел гуккун руго жидеца гьереси бицунеб букIиналдалъун,** хасго Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бицунеб букIиналъ.


**25. Гьезул хIал кинха букIинеб дица гьел киналго данде гьарураб къоялъ – жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб къиямасеб къоялъ. Цинги щибаб напсалъул хIисабги гьабидал, гьез гьабураб гIамалалда рекъон жазаги гьабидал, щибго зулму гьабичIого. Ай гьеб къоялъ лъазе буго ягьудиязда дунялалда гьез гьабулеб букIараб къабихIаб гIамалалъул хIасил ва гьезие жазаги абадияб жужахI букIизе буго.**

**26. Дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я дир Аллагь, я кинабго ханлъиялъул ва киналго ханзабазул малик! Мун вуго дуе бокьарасе ханлъи кьолев, ва дуе бокьарасухъан ханлъи бахъулев. Гьаб махлукъаталъул цоги гIахьалчи гьечIев хан мун вуго Аллагь (عز وجل). Дуе бокьарав тIадегIан гьавулев вуго мун. Дуе бокьарав гIодовегIан гьавулевги вуго. Дуда кодоб буго кинабго лъикIлъиялъул ихтияр ва ханлъи ва мун дуе бокьараб жо бокьухъин гьабизе хIал кIолев вуго, кинабниги жо дуе квегъараб буго, дур кверщаликь буго.**

**27. Мун вуго Аллагь (عز وجل) дуца сордо къоялда жаниб лъугьинабулев -** (цинги къо кIодолъун сордо гьитIинлъула), **ва къо сордоялда жаниб лъугьинабулевги** (цинги къо гьитIинлъун сордо кIодолъула) **– Мун вуго Аллагь (عز وجل) хвараб (рухI гьечIеб) маниялдаса чIагояб хIайван ва инсан лъугьинабулев, ва чIагояб жоялдаса рухI гьечIеб мани бачIинабулевги.** Гьединго буго мугьалдасан хур бижи, гIанкIуялдасан хоно бачIин, гагаялдаса гъветI бижи. **Мун вуго Аллагь ( عز وجل) дуе бокьараб жоялъе щибго хIисаб гьечIого гIемераб ризкъи кьолевги.**

**28. Муъминзабаз мъминзабиги тун капурзаби гьудулзабилъун ва божарал гIадамаллъун кколаро. Гел капурзаби гьудулзабилъун кколел гIадамал Аллагьасда (عز وجل) аскIоб жиее щибго къадру гьечIел руго. Нагагь гьел капурал гIадамаз нужее зарал гьабиялда хIинкъани, гьезулгун тIасангояб (рекIелъ гьечIеб) гьудуллъи гьабун гурони, мацIалдалъун рекъел бугеб хабар бицун гурони. Аллагьас нуж хIинкъеян амру гьабулеб буго жиндир ццин бахъиялдаса ва жив разилъулареб гIамал гьабизе. Ахир руссинги Аллагьасде буго ва щибаб напсалъул хIисаб-мизанги гьес гьабизе буго.**

**29. Дуца жегиги абе МухIаммад ﷺ: «Нужеца ракIазда жаниб жо бахчун бугониги, яги гьеб загьир гьабуниги, Аллагь (عز وجل) гьеб лъалев вуго. Жегиги Аллагьасда лъала зобал ракьазда жаниб бугеб кинабго жо, гьев Аллагь (عز وجل) жиндир кинабго жоялда хIалкIолевги вуго»-абун.**




**30. Къиямасеб къоялъ щибаб напсалда жинца дунялалда гьабураб лъикIаб гIамал хIадур гьабун батула ва гьеб напс цIакъ боххула жиндир гIамал хъвараб кагъат бихьидал. Жинца квешаб гIамал гьабураб напсалъе гьеб квешаб гIамалги батула хIадур гьабун ва гьелъул хьул лъола гьеб гIамал хъвараб кагъат жиндаса цIакъ рикIкIад гьабулеб анищ абун. Жегиги Аллагьас нужеда лъазабулеб буго жиндир ццин бахъунеб гIамал гьабуге абун. Гьев Аллагь (عز وجل) жиндир лагъзадерида цIакъ гурхIулев вуго ва гьел битIараб диналда рукIизе бокьулев вуго.**

**3I. Дуца муъминзабазда абе МухIаммад ﷺ: «нужее Аллагь (عز وجل) вокьун ватани ва нужер иманалъулъ ритIухъалги ратани, нуж дида нахърилъльа ва дир суннат ккве, цинги нуж Аллагьасеги рокьизе руго ва гьес нужер мунагьалги чуризе руго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал чурулев, муъминзабазда жиндир гурхIел даимав вуго»-абун.**

Гьаб хирияб аяталъ нилъеда лъазабулеб буго: кинавго жинца иманги лъунин, жив Аллагь (عز وجل) вокьулевги вугин абурав чи, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул нухалда гьечIони, гьев чи гьересияв вуго ва гьев чиясда тIадаб буго жиндир киналго ргIабазулъ ва пишабазулъ хирияв аварагасда нахъвилъльизе.

**32. Жегиги дуца абе МухIаммад ﷺ: «нуж Аллагьасул (عز وجل) ва гьесул расуласул амруялда мутIигIлъе. Нагагь нуж гьеб мутIигIлъиялдаса мугъ бан руссани,- хIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие капурзаби рокьуларев, гьезие гIазаб гьабулев вуго»-абун.**

Ахир къиямасеб къо ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндир авараг, ва гьесда иман лъун нахърилъарал, ва гьесул нух ккурал муъминзаби тIадегIан гьарулеб къо буго. ТIадегIанав Аллагьас ( عز وجل) гьаб аяталда жаниб бицана авараг вокьичIев ва гьесул нух кквечIев чи капурчи вукIин. Гьев хирияв авараг ﷺ вуго кинабго халкъалда жив витIарав ва гьесул заманаялъ цоги кIудиял аварагзаби рукIаралани, гьелги гьесда нахърилъльизе тIад гьабизе букIарав. Гьав аварагасул нух тарав чияс Аллагь (عز وجل) вокьулин абураб ргIи гьересияб ргIи буго.


**33. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Адам тIаса вищана ва НухI ва Ибрагьимил агьлу ва ГIимранил агьлу тIаса бищана цогидаб гIаламалдаса.**

**34. Гьал хъизамал тIаса рищана гьел цоцазда релълъарал рукIиналъ Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъиялъулъ, лъикIал гIамалазулъ ва исламияб диналъулъ. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) лагъзадерил ргIаби ргIулев, гьезул киналго ахIвалал жинда лъалев вуго.**

**35. Дуца умматалъе вагIзалъун бице МухIаммад ﷺ, гIимранил чIужуялъ (гьей йиго ХIанат Факъудил яс) Аллагьасда (عز وجل) абураб гIуж: «Я дир БетIергьан, дица дуе назро гьабуна дир чехьалда жаниб бугеб лъимер, тIубанго дуе гIибадат гьабизе ва байтул мукъадасалъул масжидалъе хъулухъ гьабизе. Дуца дир назро къабул гьабе. ХIакълъунго мун дугIа ргIулев вуго. Лагъзадерил ракIазда бугеб жо лъалев ва гьезул ниятал лъалев вуго» - абун.**

**36. Цинги ХIанатица лъимер гьабидал ва гьей яс ятидал гьелъ абуна: «Я дир БетIергьан, дица лъимер гьабуна цIуяб, Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго щиб лъимер гьабураб ХIанатица, ва бихьинаб лъимерги цIуяб лъимерги цохIого даражаялда гьечIо, ай масжидалъе хъулухъ гьабизе вас вукIине ккола. Дица гьей ясалда цIар лъолеб буго Марьям абун. Ва дица гьей Марьямги гьелъул зуриятги дуца рахIматалдаса рикIкIад гьабураб щайтIаналъул заралалдаса цIуниги гьарулеб буго» – абун.**

**37. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) ХIанатил назро Марьям къабул гьаюна берцинаб къабул гьабиялъ ва гьей кIудияйги гIезаюна берцинаб хIалалъ. Марьям гьелъ гIибадат гьабулеб рокъой йикIадго, гьелъухъе Закария вачIанщинахъе, гьесда гьениб батIи-батIияб нигIмат батулаан: хасало роол нигIматал ратулаан, риидал хасалил нигIматал ратулаан. Закарияца Марьямида гьикъана: «Я Марьям, гьал нигIматал кисан дуе ругел?» – абун. Марьямица абуна: Гьел нигIматал Аллагьас кьола дие. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндие вокьарав чиясе хIисаб-гIорхъи гьечIел нигIматал кьолев вугоян абун.**




**38. Марьямида аскIор нигIматал ратидал Закариял хьуллъуна Аллагьасул рахIматалда ва гьес хIелун Аллагьасда (عز وجل) гьарана ва жинца абуна: «Я дир бетIергьан, дуца дие дур рахъалъан сайгъатлъун бацIцIадаб зурият кье, хIакълъунго мун дугIа ргIунев ва дугIаялъе жаваб кьолевги вуго» – абун.**

**39. Цинги Закаряда малаикзабаз ахIана, жив гьеб Марьям йигеб михIрабалъув вахъун чIун как балев вукIаго (ай гьеб лахIзаталъ): «ХIакълъунго тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) дуда рохел бицунеб буго дуе ЯхIя абулев вас гьавилин абун. Жинца Аллагьасул калима ритIухъ гьабулев (ай ГIиса авараг ритIухъ гьавулев) ва жив къавмалъул кIудияв, хириявлъун вукIунев. Мунагь-хатIаалда кколарев, шагьваталда нахъвилълъунарев ва руччабазда аскIов къаларев. жив лъикIал муъминзабазул авараглъунги вукIунев» – абун.**

**40. Закаряца абуна: «Я дир бетIергьан Аллагь (عز وجل), кин дие лъимер букIинеб, дунги херлъун вуго (нусиялда къого сон букIана Закариял) ва дир чIужуги лъимер лъугьунарей йиго»-абун. Гьелъулги нусго сон букIана ва жиндие лъимер лъугьунарей йикIана. Аллагьас (عز وجل) абуна: «Дур бетIергьанас жиндие бокьараб жо гьабула, гьедин бугелъул нужее лъимер букIина»- абун.**

**4I. Закаряца абуна: «Я дир БетIергьан, дие цо гIаламат гьабе дир чIужу къинай лъугьараблъи лъалеб»-абун. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Дуе гIаламат букIине буго. Щибго унти-къварилъиги гьечIеб хIалалъ дуда гIадамазда кIалъазе кIвезе гьечIо лъабго къоялъ, квералъ ишараби гьарун гурони. Ва дуца дур бетIергьан Аллагь (عز وجل) гIемер рехсе ва дуца гьесие тасбихIги гьабе (субхIаналлагьи ва бихIамдигьи абе) радалги къасиги**

**42. Дуца умматалда бице МухIаммад ﷺ, малаикзабаз абураб гIужги: «Я Марьям! ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) мун тIаса йищана руччабазда гьоркьосан ва дуе караматалги кьуна. Ва мун**


**Аллагьас яцIцIадги гьаюна чорокал гIамалаздаса ва ягьудияз дуда лъолел бугьтаназдаса. Ва мун гьаб гIаламалъул киналго руччабаздаса тIаса йищана дудаса Аллагьасул къудрат загьирлъизе – эменги гьечIого лъимер гьабизе.**

**43. Гьаб амру гьедин бугелъул, Я Марьям, дуца Аллагьасе гIибадат гьабияалда тIадчIей гьабе, гьес дуе кьурал кIудиял нигIматазда щукру гьабун. Ва дуца Аллагьасе (عز وجل) рукугI-суждаги гьабе ва мун гIемер как балездасаги йикIа» – абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дунялалъул руччабазул бищунго лъикIай ункъго чIужугIадан йиго: ГIимранил яс Марьям, пиргIавнил чIужу Асият, Хувайлидил яс Хадижат, Аллагьасул расуласул яс ПатIимат» – абун.* Бухариясул сахIихIалда хIадис буго: *«Бихьиназда гьоркьор камилал гIадамал гIемер рукIана. Руччабаздасан камилал гьечIо пиргIавнил чIужу Асиятги ГIимранил яс Марьямги гурони. Амма ГIайшат тIокIай йиго цогидал руччабаздаса гьанал каш (гьан жаниб белъине гьабураб гьагIо, шурпа) тIокIаб бугеб гIадин цогидал тIагIамаздаса»* – абун.

**44. Гьал ГIимранил ва Закарял къисаби руго, МухIаммад ﷺ, дица дуда рицунел, гIадамазда лъаларел, гьездасан гIемерго церехун рукIарал умматазул къисаби, дуда вахIю гьабулел дур умматалъе вагIзалъун, дуе мугIжизатлъунги. Мун байтулмукъадасалъул ахIбаразда (гIалимзабада) аскIовги вукIинчIо, гьез Марьям хьихьизе бокьун гIорулъе къалмал рехулеб мехалъ, ва цоцаде къец гьабулеб мехалъ.**

**45. Дуца умматалда бице, МухIаммад ﷺ, Аллагьасул салам лъеял малаикзабаз абураб гIуж: «Я Марьям, Аллагьас (عز وجل) дуда рохел бицунеб буго дуе лъимер гьабизе бугин абун эмен гьечIого, цохIо Аллагьасул «Кун» абураб калимаялдалъун (ргIиялдалъун). Гьеб лъимералда цIарги «АлмасихI ГIиса Марьямил вас» - абун букIине буго. Дунял ахираталда жив кIодо гьавурав, къадро бугевги вукIине вуго ва Аллагьас (عز وجل) жинда гIагар гьаруразда-саги вукIине вуго.**




**46. Гьев васас гIадамаздехун хитIабги гьабизе буго жив киниялда жанив вукIадго ва жив кIудияв гIун хадубги.** Аварагзабазул калам гьитIинго вукIаниги битIараб бицунеб букIуна. ГIиса (гIв) аварагасул мугIжизатлъун букIана киниялда жанивго вукIун жинца калам гьаби. **Ва гьеб лъимер Аллагьасе (عز وجل) гIемер гIибадат гьабулел, гьесдаса хIинкъи гIемерал, ва камиллъи тIобарал гIадамаздаса вукIине вуго» - абун.**

**47. Марямица абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дие лъимер кин букIунеб дида щивго инсанги аскIов къачIеб хIалалъ?»-абун. Алагьас абуна: Гьедин буго Аллагьасул хIукму: Жиндие бокьараб мехалъ бокьараб жо бижула Аллагьас. Гьесие цо иш тIубазе бокьараб мехалъ гьесул «Кун» абураб ргIи букIуна ва гьеб иш тIубала**. Гьеб тIубаялъе щибго нахъ бахъин букIуларо ва гьелъие квалквал гьабулеб щибго гIилла-сабабги букIуларо.

**48. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) ГIисада (гIв) хъвайи–цIалиги лъазабизе буго, гIелму–гIакълуги кьезе буго, битIараб ргIиялда, битIараб гIамалалда, аварагзабазул нухалда хьвадиги кьезе буго. Ва Тавратги Инжилги лъалев гьавизе вуго.**

Ибнукасирица абуна ГIиса аврагасда Инжил ва Таврат рекIехъе лъалеб букIанаян абун.

**49. Гьединго ГIиса (гIв) авараг гьавизе вуго бануисраилазда витIарав расуллъун, гьезда Аллагьасул шаригIат бицунев ва гьел битIараб диналде ахIулев. Жинца гьезда абулев: «ХIакълъунго дун нужехъе вачIун вуго нужер бетIергьан Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан аятал ва гIаламаталгун цадахъ. Гьел гIаламатаздаса буго дица нужее цо боржанжоялда релълъараб жо**

**гьабизе буго, цинги гьелда жаниб дица хIохьел пураб мехалъ Аллагьасул изнуялдалъун гьеб боржунеблъун букIизе буго.**

Гьаб букIана ГIиса (гIв) аврагасе бугеб цо мугIжизат: хIарщул хIинчIалда релъараб сурат гьабун, гьелда хIохьел пураб мехалъ гьеб боржун унаан гьеб бакIалда ругел киналго гIадамаздаги бихьун.

**Ва дица бецавлъун эбелалъ гьавурав чи жо бихьулевлъун гьавула, барас унтиги сах гьабула** (тIомалда ругънал лъугьунеб унти). **Ва дица хварал чагIиги чIаго гьарула Аллагьасул (عز وجل) изнуялдалъун.**


КъуртIубияс абуна: Аллагьасул изнуялдалъун ГIиса (гIв) аврагас ункъго чи чIаго гьавуна ва гьезда гьоркьов НухIил вас Самги вукIанаян абун. Гьадин мугIжизаталъе чIаго гьарурал гIадамал чIаго хутIуларо ва гьел цIидасан жал рукIараб хIалалде руссуна.

**Ва дица нужеда бицина щиб жо нужеца нужерго рукъзабахъ рукIун кванарабали, ва щиб жо кваназе абун хIадурун бугебги. ХIакълъунго гьаб кинабго жо буго нужее дун авараглъун вукIин бицунел гIаламатал, нуж Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал ва гьесул авараг ритIухъ гьавулеллъун ратани.**

**50. Ва дун нужеда витIарав расул вуго, дида цевехун вукIарав Муса авараг ва гьесда рещтIинабураб Тавратги ритIухъ гьабулев. Дица нужее цо-цо жо хIалал гьабизе буго, цебеккун нужее хIарам гьабун букIараб жоялдаса. Ва дун нужехъе Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан баянал мугIжизаталгун вачIун вуго. Нуж Аллагьасда гIасилъизе хIинкъа ва диде мутIигIлъун, дица малъараб даналда нахърилълъа.**

**5I. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) дирги нужерги бетIергьан вуго. Нужеца лагълъи цохIо гьав Аллагьасе гьабе, ва гьаб буго Аллагь (عز وجل) жинда разилъунеб битIараб нух» - абун.**

**52. ГIиса (гIв) аврагас жиндир къавм Аллагьасул диналда ахIидал ва гьезул гIемерисел купру-ширкалда ругеблъи лъадал, абуна: «щив вугев нужедаса дие квер бакъулев чи Аллагьасул (عز وجل) диналде халкъ ахIизе» – абун. Иман камилал муъминзабаз (хIаваријуназ) абуна: «ниж руго дуе квербакъи гьабулел Аллагьасул диналда халкъ ахIизе. Нижеца Гьесда иман лъуна ва дуцаги нижее нугIлъи гьабе ниж Аллагьасда ва аварагасда мутIигIлъарал, гьезда нахърилълъарал рукIиналъе» – абун.**




**53. Хадубги хIаваријуназ абуна: «Я нижер бетIергьан Аллагь, нижеца иман лъуна дуца рещтIизабураб Инжилалда ва ниж дур расул ГIисада (гIв) нахърилълъана. Дуца ниж хъвай Аллагь (عز وجل) мун цо вукIиналда ва дур авараг ритIухъав вукIиналда нугIлъи гьабурал, мун жидеда разиял муъминзабигун цадахъ» – абун.**

**54. Цинги ягьудияз хIилла-макро ургъана ГIиса (гIв) авараг чIвазе абун, гьезул макро Аллагьас ( عز وجل) хвезабуна. Щибго зарал ккечIого ГIиса авараг Аллагьас зодове вачун ана ва ягьудияз жидерго «ягьуза» абулев чи чIвана, гьев ГIиса авараг вугин ккун. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) жидеца макро гьабулезул бищунго лъикIав вуго. Жинца зулмучагIазул зулму жидедаго буссизабулев вуго ва жиндие рокьарал гIадамал гьезул макроялдаса цIунулев вуго.**

**55. ГIиса (ра) аврагасда Аллагьас абураб гIужги бице, МухIаммад ﷺ, умматалъе вагIзалъун: «Я ГIиса (гIв)! Дица мун гьал ягьудиязда хваравлъун вихьинавизе вуго. Дица мун гьезда гьоркьосан нахъе вачине вуго, щибго дуе зарал гьечIого. ва мун вацIцIад гьавизе вуго капураб къавмалъул мун чIвазе бугеб къасдалдаса.** Цоги магIна гьабуна гIалимзабаз: «Дица мун зодове вачине вуго ва къиямасеб къо гIагарлъидал ракьалде рещтIизавун, дур гIумру лъугьараб мехалъ хвезавизе вуго» – абун.

**Гьединго мун вацIцIад гьавизе вуго ягьудиязул, насраниязул ва мажусазул капураб къавмалдаса. Ва мун ритIухъ гьавун дуда нахъбилълъараб къавм дица цогидал къавмаздаса тIадегIан гьабизе буго къиямасеб къо бачIинегIан. Цинги нуж киналго ахираталда дида цере рачIунел руго хIисаб мизан гьабизе ва дица нужеда гьоркьоб хIукму гьабизе буго нуж жиндилъ хилиплъун букIараб диналъул амруялъулъ.**

**56. Ва амма Аллагьасдаги (عز وجل), гьесул аварагасдаги (гIв) инкар ккурал гIадамазе дица цIакъ гучаб гIазаб гьабизе буго дунялалда ва ахираталда. Ва гьезие щивго чи вукIине гьечIо дир гIазабалдаса гьел хвасарлъиялъе квербакъи гьабизе кIолев.**

**57. Ва амма жидеца иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабурал муъминзабазе дица гьезул ажро-кири тIубазабизе буго ва жеги цIикIкIинабизе буго. хIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие зулмучагIи рокьуларев, гьезие гIазаб гьабулев вуго.**


**58. Гьал аварагзабазул къисаби я МухIаммад, дуе рицунел руго хирияб Къуръаналъул аяталлъун, жиндилъ щибго батIулаб жо гьечIеб жиб мухIканаб каламлъун бугеб.**

**59. ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) аскIоб ГIиса (гIв) аварагасул мисал Адам аварагасул мисал буго: жинца гьев Адам (гIв) хIарщалдаса гьавурав ва «Кун» абураб рагIи абун чIагояв инсанлъун жив лъугьарав.**

**60. Гьаб хIакъаб рагIи буго МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) ГIисал хIакъалъулъ дуда бицунеб. Мун шакдарулел гIадамаздаса вукIунге.**

**6I. Духъе Къуръаналда жаниб хIакъаб хIужа бачIун хадубги ГIисал хIакъалъулъ дудехун къацандулел гIадамал ругони, дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Нуж рачIа нижгун данделъизе: нилъеца ахIизе руго нижер васал ва нужер васал, нижер руччаби ва нужер руччаби ва нужерги нижерги бихьиналги данделъизе руго. Цинги нилъеца Аллагьасда (عز وجل) дугIа гьабизе буго ва гьаризе буго гьереси бицунелазда Аллагьасул ццим бахъаги ва лагIнатги рештIаги абун.**

Гьаб аят рештIиналъе гIилла (сабаб) бицана: Нажраналъул насраниял Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммадихъе рачIун ГIиса (гIв) аварагасул хIакъалъулъ къацандараб мехалъ гьез абуна: «Дуца шай нижер ГIисада рогьоб балеб?»-абун. Аварагас абуна: «щиб жо дица гьесда абураб?»-абун. Насранияз абуна дуца гьесда лагъ вугин абулеб бугоян абун. Цинги аварагас ﷺ абуна: «битIараб буго. Дица гьесул хIакъалъулъ абула. Аллагьасул лагъ вугин ва расулги вугин абун. Насраниязул ццим бахъана ва дуца нижеда вихьизаве эмен гьечIого гьавурав чи абуна. Цинги Аллагьас аят рештIизабуна: «ХIакълъунго ГIисал мисал Адам аварагасул мисал буго»- абун. (59-60 аятал).


الجزء الثالث سورة آل عمران
إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلْقَصَصُ ٱلْحَقُّ ۚ وَمَا مِنْ إِلَٰهٍ إِلَّا ٱللَّهُ ۚ وَإِنَّ ٱللَّهَ لَهُوَ
ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٦٢﴾ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَإِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌۢ بِٱلْمُفْسِدِينَ
﴿٦٣﴾ قُلْ يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ تَعَالَوْا۟ إِلَىٰ كَلِمَةٍ سَوَآءٍۭ بَيْنَنَا
وَبَيْنَكُمْ أَلَّا نَعْبُدَ إِلَّا ٱللَّهَ وَلَا نُشْرِكَ بِهِۦ شَيْـًٔا وَلَا يَتَّخِذَ
بَعْضُنَا بَعْضًا أَرْبَابًا مِّن دُونِ ٱللَّهِ ۚ فَإِن تَوَلَّوْا۟ فَقُولُوا۟ ٱشْهَدُوا۟
بِأَنَّا مُسْلِمُونَ ﴿٦٤﴾ يَٰٓأَهْلَ ٱلْكِتَٰبِ لِمَ تُحَآجُّونَ فِىٓ إِبْرَٰهِيمَ
وَمَآ أُنزِلَتِ ٱلتَّوْرَىٰةُ وَٱلْإِنجِيلُ إِلَّا مِنۢ بَعْدِهِۦٓ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ
﴿٦٥﴾ هَٰٓأَنتُمْ هَٰٓؤُلَآءِ حَٰجَجْتُمْ فِيمَا لَكُم بِهِۦ عِلْمٌ فَلِمَ
تُحَآجُّونَ فِيمَا لَيْسَ لَكُم بِهِۦ عِلْمٌ ۚ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنتُمْ
لَا تَعْلَمُونَ ﴿٦٦﴾ مَا كَانَ إِبْرَٰهِيمُ يَهُودِيًّا وَلَا نَصْرَانِيًّا
وَلَٰكِن كَانَ حَنِيفًا مُّسْلِمًا وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٦٧﴾
إِنَّ أَوْلَى ٱلنَّاسِ بِإِبْرَٰهِيمَ لَلَّذِينَ ٱتَّبَعُوهُ وَهَٰذَا ٱلنَّبِىُّ وَٱلَّذِينَ
ءَامَنُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ وَلِىُّ ٱلْمُؤْمِنِينَ ﴿٦٨﴾ وَدَّت طَّآئِفَةٌ مِّنْ أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ
لَوْ يُضِلُّونَكُمْ ۚ وَمَا يُضِلُّونَ إِلَّآ أَنفُسَهُمْ ۖ وَمَا يَشْعُرُونَ ﴿٦٩﴾ يَٰٓأَهْلَ
ٱلْكِتَٰبِ لِمَ تَكْفُرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَأَنتُمْ تَشْهَدُونَ ﴿٧٠﴾
٥٨

**62. ХIакълъунго гьаб дуда бицараб хабар хIакъаб, гьереси гьечIеб кьиса буго цересел аварагзабазул ва гьезул умматазул. Цоги щибго жиндие лагъэлъи гьабулеб жоги гьечIо цохIо Аллагь (عز وجل) гурев. ХIакъэлъунго гьев Аллагь жиндир гуч бергьарав хан вуго ва жиндир мулкалъул тадбир гьабиялъулъ хIакимияв вуго.**

**63. Цингиги гьел капураца иман лъолеб гьечIони ва жал хIакъаб диналдаса руссани, хIакъэлъунго Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго гьел пасалъаби гьарулеб къавмал ва жинца гьезие гучаб гIазаб гьабизе бугевги вуго.**

**64. Дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я гьал китабиял! Нуж рачIа нижееги нужееги башадаб, хIакъаб калимаялда. Гьеб калимаги: Нилъеца лагъэлъи гьабунгутIи буго цохIо Аллагьасе (عز وجل) гурони ва Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабун гутIиги буго. Ва Аллагьги живго тун нилъеда гьоркьоса цо гIадамал гьезие нилъеца хъулухъ гьабулеллъун ва лагъэлъи гьабулеллъун ккунгутIиги буго.**

Ягьудиял ва насраниял жидер ахIбаразе ва рагьибазе (диниял церехъаби) мутIигIлъулел рукIана гьез хIалал гьабураб яги хIарам гьабураб жоялъулъ. Гьаб мутIигIлъи гьабуге абулеб буго хирияв аварагас ﷺ ва гьеб мутIигIлъи ширк бугинги абулеб буго.

**Гьаб хIакъаб рагIиялда рачIинчIого гьел китабиял дорехун руссун чIани, дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я китабияб агьло! Нужеца нижее нугIлъи гьабе Аллагьасда аскIоб ниж муслимунал рукIиналъе.**

**65. Я китабияб агьло! Нуж щай къацандулел Ибрагьим (гIв) аварагасул хIакъалъулъ, гьев хун хадуб гурони Тавратги Инжилги рещтIизабун гьечIеб мехалъ. Нужеца бицунеб жоялъул пикруго гьабуларищ ва нужеда гьеб бичIчIуларищ?** Ягьудияз абулеб букIана Ибрагьим авараг жидер диналда вугин абун. Насраниязги абулеб букIана Ибрагьим жидер диналда вугин абун. Ибрагьим аварагасда ва Мусада гьоркьоб азарго гIанаб сон буго. Гьединго Мусадаги ГIисадаги гьоркьоб кIиазарго гIанаб сон буго.

**66. Нуж къацандулел рукIаралани нужеда жиб лъалеб жоялъул бицун;** Масала ГIиса аврагасул заманалъ гьесул диналъул бицун къацандизе бегьилаан**. Нуж щайха къацандулел нужеда лъаларе жоги бицун? Гьеб иш ахIмакълъи гьечIищ? ХIакъэлъунго Аллагь (عز وجل) вуго жинда кинабго жоялъул хIакъикъат лъалев ва нуж руго Аллагьас лъазабураб жо гурони нужеда лъаларел.**


Жинда салам лъеяв Ибрагьимил хIакъикъатги Аллагьасда лъала. Гьеб хIакъикъат бицун тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абулеб буго:

**67. Ибрагьим авараг вукIинчIо ягьудияв, яги насранияв. ХIакъэлъунго Ибрагьим (гIв) вукIана киналго батIулал даниздасан вуссун цохIо Аллагьасе мутIигIлъун, гьесие гIибадат гьабулевлъун. Гьев Ибрагьим авараг жидеца ширк гьабулел гIадамаздасаги вукIинчIо.**

**68. Бищунго Ибрагьимил агьлуялъул рукIине рекъарал руго жиндир заманаялъ Аллагьасда (عز وجل) иман лъун Ибрагьимида нахърилъэарал гIадамал, гьав МухIаммад ﷺ аварагги ва гьав аварагасда иман лъурал гIадамалги. ХIакъэлъунго Аллагь (عز وجل) жиндие муъминзаби рокьулев, гьезул умурал битIун ккезарулев вуго.**

**69. Китабияб агьлуялъул цо къокъаялъе бокьун буго нуж хIакъаб нухдаса къосизаризе** ва нужеда абулеб буго ягьудиязул дин босе абун. **Ва амма гьез жидерго напсал руго къосизарулел:** гьадинаб батIулаб жоялда хьул лъун. **Ва гьезда гьеб иш гьадин букIинги лъалеб гьечIо.**

**70. Я китабияб агьлу! Нужеца щай инкар кколеб Аллагьасул аятазда, нужеда гьаб Къуръан хIакъаб Аллагьасул (عز وجل) калам букIиналъе нугIлъиги гьабулеб букIадго?**




**7I. Я китабияб агьлу! Нужеца хIакъаб жо батIулаб жогун щай жубазабулеб? Нужеца хIакъаб жоги щай бахчулеб, нужеда гьеб хIакъаб букIинги лъалеб букIадго**

**72. Китабиязул цо къокъаялъ жидер гьалмагъзабазде абуна: нужеца МухIаммадида ﷺ иман лъурал гIадамазда рещтIизабураб Къуръаналда иман лъе къоялъул авалалда (радал гIужалъ). Цинги нужеца иманлъун букIараб жоялда инкар ккве къоялъул ахиралда. Цинги гьел муъминзаби жидер диналъулъ щакдаризе ва гьелдаса руссизе абун.**

**73. Ягьудияз цоцаздехун абулеб буго: «нуж божуге нужер диналда ругезда гурони - абун. Дуца абе МухIаммад ﷺ: хIакъаб тIоритIел ва битIараб нух Аллагьасул (عز وجل) тIоритIел буго. Цогиги ягьудияз цоцазде абулеб буго: «нуж божуге цоги чиясе авраглъи кьуна абун ва БетIергьанасда цере щведал нужеда къацандулев чи вукIинин абун». Дуца абе МухIаммад ﷺ: «кинабго хиралъи ва тIокIлъи Аллагьасда (عز وجل) кодоб буго ва гьеб жиндие бокьарав чиясе кьола. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир рахIматал гIатIидав, жинда кинабго жо лъалев вуго, хиралъи-тIокIлъи лъие кьелебги лъалев вуго» -абун.**

**74. Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи хас гьавула жиндир рахIматалда, ва авараглъиялда. ТIадегIанав Аллагь жиндир хиралъи, тIокIлъи цIакъ кIудияв вуго.**

**75. Китабияб агьлулъун ругел ягьудиязул цо гIадамал руго жидеда гIемераб хазина божизабун таниги гьеб хазина духъ тIад буссизабулел.** Гьел руго аварагасда иман лъурал ГIабдулагь бину Салам (ра) гIадал гIадамал. Гьав ГIабдуллагьихъе цо къурайшияс азарго месед кьун букIана. Гьеб месед Къурайшияс тIалаб гьабураб мехалъ ГIабдуллагьица (ра) гьесухъе кьуна.

**Ва гьездаса руго цоги гIадамал, жидехъе цохIо динар кьун бугониги гьеб нахъе кьоларел, гьеб динар нахъе кьезегIан мун гьесда тIад чIун гурони. Гьедин божилъи гьабураб жо нахъе кьунгутIиялъе гIиллаги буго гьез абулеб букIин нижеда тIадаб гьечIин гьел уммиял гIарабазул аманат тIубазе» – абун.**

Ягьудиязулъ чIухIи букIана. «Ниж Аллагьасул лъимал руго ва гьесие рокьулел чагIиги руго, цогидаб халкъ нижер лагъзал руго. Гьел нижер лагъзадерил боцIи кванараб мехалъ нижеда рецIел букIуларо»-ян абулаан гьез. Цоги гьез абулаан: «Аллагьас (عز وجل) нижее хIалал гьабун буго нижер диналда хилиплъарал гIадамазул боцIи»–абун.


**Гьадин Аллагьасда гIунтIизабун, гьесул цIар гьоркьоб ккун гьез гьереси бицунеб буго, гьезда лъалебги букIаго жидеца гьереси бицунеб букIин.**

ягьудияз абураб мехалъ: *«Нижеда тIадаб гьечIо уммиял гIадамазул аманат тIубазе» – абун,* Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *гьереси бицунеб буго Алагьасул тушбабаз. Жагьилияб заманаялъ букIараб кинабго жо дир хIатIазда гъоркь буго* ай гьеб кIочон тараб буго, а*манатал хутIинегIан. Гьеб аманат тIубазе ккола лъикIав чиясул бугониги, квешав чиясул бугониги»*-абун.

**76. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «гьел ягьудияз абухъин гьечIо иш жидеца аманат ва къотIи тIубарал, аварагасда ﷺ иман лъун гьевги ритIухъ гьувурал, Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун хIарамаб жоги тарал, хIакълъунго тIадегIанав Аллагьасе гьал гIадамал рокьула ва жинца гьел хираги гьарула.**

**77. Аллагьасе (عز وجل) гьабураб къотIиги хвезабун:** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг ритIухъ гьавизе ва гьесда нахърилълъине, **гьересиял гьаялги гьедун, гьелда данде (гьеб бичун) цIакъ хIакъираб, дагьаб дунялалъул боцIи босарал гIадамал, гьел руго жидее ахираталда щибго лъикIлъиялъул бутIа гьечIел ва Аллагьасул гурхIел-рахIмуги гьечIел. Гьазда къиямасеб**

**къоялъ Аллагь (عز وجل) кIалъаларо ва валагьуларо. Жидер хъубал мунагьазул гьираздаса гьел рацIцIадги гьаруларо. Гьал гIадамазе цIакъ жинца унтизабулеб гIазабги букIине буго.**




**78. ХIакълъунго ягьудиязул цо къокъа буго жидеца Аллагьасул калам Таврат цIалулеб мехалъ жидер мацIаздалъун Тавраталда гьечIеб жо цIалулел, гIадамазда ракIалде ккезе гьеб Аллагьасул калам бугин абун, гьеб Аллагьасул калам гьечIо.** Гьаб жидеца цIалулеб жо Аллагьасдаса бачIараб бугин абулеб буго, гьесдаса бачIарабги гьечIеб хIалалъ гьез цIалулеб жо. **Аллагьасул цIар гьоркьоб ккун, гьеседе гIунтIизабун гьереси бицунеб буго ягьудияз ва гьезда якъинго лъалебги букIаго жидеца гьабулеб иш цIакъ кIудияб зулму ва купру букIин.**

**79. Жиндихъе Аллагьас (عز وجل) тIехь кьурав, гIелму-гIакълуги кьурав, авараглъиги кьурав чияс гIадамазда абуларо ва абизе ракIалдеги щоларо: нужеца Аллагьги живго тун, гьесие гьабулеб гIадин дие лагълъи гьабе – абун. Аварагас гIадамазда абула: «Нуж рукIа раббаниюнал,** гIалимзабилъун, хIакимзабилъун, хIалимзабилъун рукIа, **Аллагьасе мутIигIал ва гьесие купру-ширкалдаса гIибадат бацIцIад гьабулел. Нужеда лъараб Аллагьасул (عز وجل) калам гIадамазда малъулеллъун рукIа ва гьеб нужецаго лъазабулелги рукIа» - абун.**

**80. Ва гьев аврагас нужеда амру гьабуларо нужеца малаикзаби ва аварагзаби алагьзабилъун ккве абун. Аллагьасда инкар ккве ва гьев цо вукIиналда капурлъе абун амру гьаби кин рекъолеб аварагасда, гьес иманалдеги ахIун, нуж исламияб диналда жанир лъугьун ругеб мехалъ.**

**8I. Нужеца ракIалде щвезабе, я гьаб китабияб агьлу, ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) киналго аварагзабаздаса къотIи босараб гIужалъул: «нужехъе авараглъиги кьун букIун, тIехьги рещтIизабун букIун цинги нужеда тIаде Аллагьасул расул вачIараб мехалъ, нужехъ бугеб тIехь ритIухъ гьабулев ва нужер авараглъиги ритIухъ гьабулев, нужеца гьев аварагасда иман лъе ва гьесие квербакъи гьабе» – абун. Цинги Аллагьас (عز وجل) гьел аварагзабазда абуна мухIканлъи тIалаб гьабун: «Нуж мукIурал ругищ гьаб къотIиялъе ва нужеца гьеб тIаде босулищ?» – абун. Аварагзабаз абуна ниж мукIурал ругоян абун. Аллагьас жегиги гьезда абуна: «Нужеца цоцазе рагIун ва цоцазда цебе нугIлъи гьабе гьаб мухIканаб къотIи босиялъе. Дунги вуго нужгун цадахъ гьаб къотIиялъе нугIлъи гьабулев» – абун.**

**82. Гьаб мухIканаб къотIи босун хадуб гьеб къотIи хвезабурал ва гьелда хилиплъарал гIадамал Аллагьасе мутIигIлъиялдаса рахъарал пасикъзаби руго.**

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Адам (гIв) аварагасдаса байбихьун, хадур ругел аварагзабазул щивасдаса къотIи босана: живги чIаго вукIун тIаде Аллагьасул хIакъав авараг вачIани, гьесда нахърилъизе ва гьесие квербакъизе. Гьединго аварагзабаздаса къотIи босана цоцазе квербакъулеллъун рукIинеги.

Гьаб аяталдаса ва гьал хIадисаздаса бичIчIунеб жо буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв. МухIаммад авараг витIаралдаса нахъе цебехун букIараб цониги дин жинда нахърилъизе блъунеблъун букIунаро. Киналго диназул хIукму Къуръаналда жаниб буго ва киналго аварагзабазе кьураб хIикмат: гIелму, гIакълу МухIаммад ﷺ аварагасе кьун буго. Гьев хирияв МухIаммадил умматлъун нилъ ратиги жинда щукро гьабун гIоларе кIудияб нигIмат буго ва Аллагьасул (عز وجل) цIоб-рахIматги буго.

**83. Аллагьасул (عز وجل) динги рехун тун цоги динищ бокьун бугеб гьал ягьудиязе. ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIаб буго зобал ракьазда жаниб бугебщинаб жо. Цоял ракI разилъун, бокьун**


**мутIигIлъарал руго, цогидал ракI разилъичIого мутIигIлъарал руго. Ахир кинабго халкъ Аллагьасде буссинабулебги буго: хIисаб мизан гьабизе ва жаза гьабизе.**

==========

АбусагIид ва Абугьурайрат асхIабасдаса хIадис бицана, жив кIиясдаго Аллагь разилъаял:

Аварагас ﷺ абуна: ***Бусурманчиясда шибго къварилъи - захIматлъи щвеларо пащманлъи, ургъел, унтиги щвеларо, хIатта гьесда зазцин хIунчуларо, гьездалъун Аллагьас (عز وجل) гьесул мунагьал чурун гурони» - абун.*** ХIадис Бухарияс ва Муслимица (ра) бицана.

Муъминзаби жидер хIал бихьи гьабулел руго: унтизарунги, боцI-мал дагь гьабунги, яги къадро гIодобегIан гьабунги. Гьеб хIалбихьи жиндир мунагьал чуриялъе ва Аллагь (عز وجل) разилъиялъе сабаблъун букIуна, жинца тIаде бачIараб къварилъиялда сабру гьабураб мехалъ.




**84. Дуца абе МухIаммад ﷺ, ва дур умматалъул муъминзабазги абе: «нижеца Аллагьасда (عز وجل) иман лъуна ва нижеда рещтIизабураб Къуръаналдаги иман лъуна ва ниж мутIигIлъун нахърилъльана. Гьединго нижеца иман лъуна Ибрагьим аварагасда рещтIизабураб, ИсмагIилида ва исхIакъида ва ЯгIкъубида рещтIизабураб жоялдаги: Бануисраилазул ЯгIкъуб (гIв) аварагасдаса тIибитIараб кьибилалъул аварагзабазда рещтIизабураб жоялдаги иман лъуна нижеца, Муса (гIв) аварагасухъе кьураб Тавраталда ва ГIиса аварагасехъе кьураб Инжилалдаги иман лъуна. Ва цогидал киналго аварагзабаздаги, гьезухъе Аллагьас (عز وجل) кьураб жоялдаги иман лъуна. Гьал аварагзабазда гьоркьоб нижеца щибго батIалъи гьабуларо. Нижее Аллагьасул рахъалъан бугеб жо кинабго хIакъаб буго, ва ниж гьев Аллагьасе мутIигIлъун гьесул амруялда нахърилъльарал руго»-абун. Ниж гьев Аллагь (عز وجل) цохIогояв Халикъ вукIиналда ва жив гуресе гIибадат гьабун бегьуларев магIбуд вукIиналда ракI чIарал руго.**

**85. МухIаммад ﷺ авараг витIун Аллагьас кинабго халкъалда тIадаблъун гьабураб исламияб динги рехун тун, цоги дин гьабулел гIадамазул дин Аллагьас (عز وجل) кидаго къабул гьабуларо. Гьедин цоги дин гьабулев чи вуго жив ахираталда чIового хутIулев: жиндир гьабураб гIамал гIадада холев ва ахираталда жужахIалда вукIунев.**

**86. Аллагьас битIараб диналда кин тIобитIулеб иман лъунги рукIун хадур иман лъеялдаса руссарал гIадамал. Жидеда якъинго лъарал МухIаммад ﷺ хIакъав авараг вукIин, гьесул сипатал Инжил-Тавраталда рукIун. Ва гьев хIакъав авараг вукIиналда тIоритIел гьабулел баянал хIужаби ва мугIжизатал жидехъ рачIун рукIун.**

**ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) жидерго напсазе зулму гьабулеб къавм битIараб нухда ва бахьибуголъиялда рачунаро ва гьезие тавпикъги гьабуларо: гьез бокьун, лъан хIакъаб жоялда инкар ккун бугелъул.**

ХIасанул Басрияс абуна: гьаб аят рещтIинабуна ягьудиязул ва насраниязул хIакъальулъ,. жидеда МухIмадил ﷺ сипатал Инжил- Тавраталда рихьарал,гьелда иман лъун божун рукIарал ва гIадамаздаги гьеб хIакъаб жо бугоян нугIлъи гьабун бицунел рукIарал, цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жидер къавмаздаса гьечIого, гIарабаздаса вукIиналъ, гьезда хIалхъублъи гьабун жидеца аварагасда иман лъеялда инкар гьабурал ва цебеккун иман лъеялдаса руссун капурлъарал-абун.


**87. Гьаб гIамал гьабурал гIадамазе бугеб жаза буго жидее тIадегIанав Аллагьасул (عز وجل), хириял малаикзабазул ва кинабго халкъалъул нагIана букIин. Аллагьасул рахIматалдаса рикIкIад гьарурал рукIин.**

**88. Даимго рукIинелъун жужахIалда лъугьизарула Аллагьас (عز وجل) гьал церехун рицарал капурзаби. Гьездаса гIазабги бигьа гьабуларо. Ва гьел гIазаб гьабичIого нахъе рахъунги толаро: тавбу гьабизе абун, лъикIаб гIамал гьабизе абунги.**

**89. Кинниги жидер гъалатI бичIчIун, жал рекIекълъун, тавбу гьабун гьеб купруялдаса руссарал ва жидеца лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамазул Аллагьас (عز وجل) тавбу къабул гьабула. ХIакълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго.**

**90. Ва амма жидеца иман лъун букIун хадуб жал капурлъарал, цинги жегиги купруялъулъ цIикIкIарал,- гьал гIадамазул тавбу Аллагьас къабул гьабуларо ва гьел цIакъ къосарал ва мекъи ккарал гIадамал руго.**

**9I. Жидеца Аллагьасда ва аварагзабада инкар гьабурал гIадамал, гьеб инкаралда рукIадго жалги хварал, гьал гIадамаз жал гIазабалдаса хвасар гьаризе абун гьаб дунял цIураб месед кьуниги гьебги босуларо. Гьал гIадамал руго жидее цIакъ унтизабулеб гIазаб букIунел, ва жидее квербакъулев щивго чиги вукIунарел.**




**92. Нуж дунялалъул лъикIлъиялда ва ахираталъул алжаналдаги щоларо, бищунго нужее бокьулеб жо Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун лъикIаб нухда напакъаде кьун гурони. Нужеца щиб жо напакъаде кьуниги, гьеб бихьулев, лъалев вуго Аллагь (عز وجل). Аллагьасул нухда кьураб лъикIаб жо нужее ахираталда хазиналъун батизе буго.**

**93. Кинабго тIагIам Бануисраилазе хIалалаб букIана, ЯгIкъубица (гIв) жиндирго напсалъе хIарам гьабураб жо хутIизегIан. Гьеб варанидул гьан ва рахь букIана. Гьаб кинабго тIагIам хIалалаб букIин Таврат рещтIинелде цебе букIана. Таврат рещтIун хадуб цо-цо жо хIарам гьабуна бануисраилазе, гьез гьарурал мунагьазе жазалъун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «гьаб иш гьадин батичIони нуж Тавратги босун рачIа ва гьеб цIале, нуж битIараб бицулел ратани» - абун.**

**94. Гьадинаб баянаб хIужа бачIун хадубги Аллагьасда (عز وجل) гIунтIизабун гьереси бицунел гIадамал, гьел руго жидер зулмучилъи ва Аллагьасдаса нечон гутIи гIорхъолъан борчIарал гIадамал.**

**5. Дуца гьел ягьудиязда абе МухIаммад ﷺ: «Аллагь жинца битIараб бицунев вуго. Нуж Ибрагьимил диналда нахърилълъа ва батIулал диналги рехун те. Гьев Ибрагьим (гIв) авараг мушриказдаса вукIинчIо» - абун.**

**96. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) гIадамаз гIибадат гьабизе тIоцебе ракьалда тIад бараб рукъ буго Макка шагьаралда бугеб КагIба рукъ. ЦIакъ баракат бугеб буго гьеб рукъ, жинда хIаж ва гIумра гьабулел гIадамазе. ТIолго дунялалда ругел муъминзабазе тIоритIел ва хIакъаб диналъул аслуги буго, ва гьезул къиблаги буго.**

**97. Гьеб кагIба рукъ ва гьелда сверун бугеб масжидул хIарам жиделъ гIемерал гIаламатал ва хIужжаби ругел руго жиб цогидал масжидаздаса хирияб букIиналде тIоритIел гьабулел. Гьениб Ибрагьимил макъамги буго.**

Биххун букIараб КагIба рукъ цIи гьабун балеб мехалъ Ибрагьим авараг жинда тIад вахъун чIун вукIараб гамачI буго гьеб. Гьев Ибрагьим (гIв) жинда тIад вукIадго жиб эхедеги борхулеб букIараб къед борхалъараб мехалъ, жиб гIодобеги бачIунеб букIараб гIодоса цоги гамачI босизе. Жинда тIад Ибрагьим аварагасул хIатIил лъалкIги хутIун бугеб.


Гьединго зам-зам лъин буго жиндилъ баракат бугеб ва унтабазе дарманлъун бугеб. Сафа ва Мавра абураб кIиго мегIер буго жиб кIиялдаго гьоркьоб хIажизабаз сагIю гьабулеб (жал хьвадулеб). ХIажарул асвадги буго кагIба рукъалъул къадалъе лъун бугеб.

**Гьаб кагIба рукъалда жанив лъугьарав чи жив божаравлъун вукIуна. Кинабго заманаялъ кагIба рукъалда жаниб ва аскIоб би гIодоб тIолеб букIинчIо ва тущманас тущманасдаса рецIелги босулеб букIинчIо. Ва киналго бусурбабада гIумруялда жаниб цо нухалъ тIад гьабун буго КагIба рукъалда хIаж гьабизе, нухалъул рахъалъан гьенив ине рес бугев чиясда. РекIунеб жо букIун, нухда хIажалъулеб квен-тIех, гIарац букIун, чорхол сахлъи букIун. Аллагьасул амруялда инкар ккун хIаж гьабичIого чIарав чиясда лъай абе: хIакълъунго Аллагь (عز وجل) кинабго гIаламалдаса жиндие щибго жо хIажат гьечIев вуго.**

**98. Дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я китабияб агьлу, нужеца щай инкар кколеб Аллагьасул аятазда ва гIаламатазда: Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб жо жинда лъалев вуго ва нужее жаза гьабизе буго щибго жо гьоркьоб течIого» - абун.**

**99. Цоги дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я китабияб агьлу, нужеца щай Аллагьасул (عز وجل) нухдаса иман лъурал гIадамал нахъ руссизарулел. Ва нужее щай бокьулеб битIараб исламияб диналъул нух гьетIараблъун, мекъаблъун букIине, нужеда якъинго лъалебги букIадго гьеб исламияб дин хIакъаб, битIараб дин букIин. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб жо лъаларев, гьелдаса гъапулав гьечIо, нужее хIакъаб гIазаб гьабичIого толевги гьечIо»-абун.**

**I00. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж мутIигIлъани китабиязул цо къокъаялъе: нуж къосизаризе батIи-батIиял нухал ралагьулел ругел, гьел ягьудияз нуж иман лъун рукIун хадур гьелдаса рахъизарун куфру-ширкалде руссинаризе руго.**




**I0I. Кин нуж хIакъаб диналда инкар ккун, ягьудиязда божун купруялда унел, нужее щибаб гIужалъ Къуръаналъул аяталги цIалулел рукIадго ва нужеда гьоркьов Аллагьасул расулги ﷺ вукIадго. Жинца Аллагьасдалъун цIуни гьарарав ва хIакъаб дин ккун чIарав чи вуго жив битIараб нухалда тIовитIарав ва ахираталда алжаналде лъугьунев.**

**I02. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж тIадегIанав Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа тIубараб хIинкъиялъ. Нуж Аллагьасда мутIигIлъун рукIа ва гьесдехун гIасилъи гьабуге. Ва нужги хоге исламияб диналда рукIун гурони. Нужеца исламияб дин цIакъ ккве ва гьеб диналдаса хисуге.**

**I03. Нуж киназго Аллагьасулгун (عز وجل) бухьен ккве.** Аллагьасул калам Къуръан ккве ва нужехъе витIарав МухIаммад ﷺ аварагасда нахърилълъа. **Нуж цоцаздаса ратIалъун, къокъаби гьарун, дин хвезабулеллъун рукIунге. Нужеца ракIалда щвезабе нужее бугеб Аллагьасул (عز وجل) кIудияб нигIмат: нуж цоцазе тущбабилъун рукIарал Аллагьас гьудулзабилъун, вацаллъун гьаруна жиндир нигIматалдалъун. Ва нуж рукIана жужахIалда жанир ккезе гIагарлъун, гьеб гвендил рагIалде щун, гьелдасаги Аллагьас нуж хвасар гьаруна исламияб диналде рачун.**

**Гьадин тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее жиндир аятал ва гIаламатал баян гьарула, гьездалъун нужее вагIза-насихIат гьабула нуж битIараб нухда тIоритIун рукIине бокьун ва нужее дунял ахираталъул лъикIлъи ва бахьибуголъи щвезе бокьун.**

**I04. Нужедаса цо къокъа букIа жал тIад чIараллъун Аллагьасул (عز وجل) диналде халкъ ахIиялда, кинабго лъикIаб жоялда гIадамал тIоритIулеллъун, Аллагьас (عز وجل) ва гьесул расулас ﷺ тIад къараб паризояб ва суннатаб жо тIубан Аллагьасе тIагIат гьабеян амру гьабулеллъун. Кинабго шаргIалда хилапаб ва хIарамаб жо гьабиялдаса гIадамал нахъ чIвалеллъунги. Гьадин хьвадараб къокъа букIуна кинабго лъикIлъиялда кверщел батараллъун ва дунял-ахираталда ритIун ккараллъун.**

**I05. Нуж рукIунге, я МухIаммадил ﷺ умматалъул муъминзаби, хIакъаб диналъул хIужжаби ва гIаламатал рачIун хадур жидерго напсалда ва шайтIаналда нахърилъун диналъулъ хилиплъарал ва рикьарал ягьудиязда ва насраниязда релъун. Гьедин хьвадулел гIадамазе ахираталда цIакъ кIудияб гIазаб букIине буго.**

**I06. Гьеб ахиратги муъминзабазул гьурмал хъахIилъун, гвангъун рукIунеб къо буго. Иманалъул ва Аллагьасе гьабураб гIибадаталъул нуралдалъун. Капураб къавмалъул гьурмал чIегIерлъун рукIунеб къоги буго. Купру-ширкалъул ва нифакъалъул мунагьазул бецIлъиялдалъун. Гьурмал чIегIерлъун ругеб къавмалда Аллагьас бадибчIвай гьабун абула: «Нужехъе хIакъаб диналъул мухIканал далилал рачIун иман лъезе рес букIаго, гьелда инкар ккун купруялдайищ нуж чIарал? Гьанже нужеца жужахIалъул гIазаб чIаме, кванай, ай гьеб гIазабалъулъ даимлъе нуж нужеца гьабураб купру - ширкалде данде» – абун.**

**I07. Ва амма жидер гьурмал иманалъул ва гIибадаталъул нуралдалъун гвангъарал гIадамал, гьал Аллагьасул (عز وجل) рахIматалъулъ рукIуна: нигIматазул, рахIат-хIалхьиялъул рукълъун бугеб алжаналда рукIуна ва гьел даимго нигIматазулъ ва Аллагьасул рахIматалъулъ рукIуна.**

**I08. Гьал Къуръаналъул аятал руго МухIаммад ﷺ дуе цIалулел ва жидеца хIакъаб жоги бицунел. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) лагъзадерие къварилъи, зулму бокьулев гьечIо.**


==========

Анас АсхIабасдаса (ра) хIадис бицана:

Бичасул расулас ﷺ абуна: ***Аллагьу ТагIалаясе цо жиндие вокьарав лагъасе лъикIлъи гьабизе бокьараб мехалъ гьесие дунялалдаго гIакъуба-къварилъи гьабула. Аллагьасе (عز وجل) жиндир цо лагъасе квешлъи бокьараб мехалъ гьев лагъ жинца дунялалда гIакъуба гьабичIого тола ахираталда гьесие гIакъуба гьабизе»-абун.***

Цогиги аварагас ﷺ абуна:

***КигIан гIакъуба-балагь цIикIкIараб гьедигIан ажру- даражаги цIикIкIуна. Аллагьу ТагIалаясе цо къавм бокьараб мехалъ гьезул хIал бихьи гьабула цо къварилъи тIаде беччон. Гьелда разилъун сабру гьабурасда Аллагьги разилъула. Гьелда ццим бахъарасда Аллагьасулги ццим бахъуна» - абун.***




**I09. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) мулк ва милк буго киналго зобал- ракьалги, гьезда жаниб бугеб махлукъатги. Ва гьев Аллагьасде буго кинабго жоялъул буссин, гьев кинабго жоялъул тадбир гьабулев вуго.**

**I10. Нуж руго, я МухIаммадил ﷺ умматалъул муъминзаби, кинабго халкъалъе маслахIаталъе ва лъикIлъиялъе Аллагьас (عز وجل) бахъинабураб, бижинабураб уммат. ГIадамазда лъикIаб жо гьабиялдалъун амру гьабулел, квешаб жо те абун нагьюги гьабулел ва Аллагьасда (عز وجل) иман лъун гьесул кинабго амру-нагьюги тIубазабулел. Китабияб агьлуялъ МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъолебани гьезие лъикI букIилаан. Амма китабияз иман лъолеб гьечIо ахIмакъаб чIухIи гьабун. Дагьалго гIадамал руго жидеца иман лъурал ва китабиязул гIемерисеб халкъ купру-ширкалда чIараб, пасикъаб халкъ буго.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг хира гьавун вижарав вукIиналъ, Аллагьас (عز وجل) гьесул умматги хира гьабуна. Аллагьас хира гьаруразда гьоркьор ккезе бокьани гьелъие шартI буго нилъгъ рукIин Аллагьасул (عز وجل) диналъе гIоло, Аллагь разилъи тIалаб гьабун гIумру гьабулел. Аллагьас (عز وجل) нилъгъ жиндие гIоло рижараб сабаб буго Аллагь цо вукIин лъан, гьесие бацIцIадаб гIибадат гьаби. Гьелда тIоритIел гьабулеб Къуръаналъул аятги буго: «Дица женалги гIадамалги рижичIо дие гIибадат гьабизе гурони» – абураб.

Жинда Аллагъ разилъаяв ГIумарасхIабасги абуна: «Нуж умматазул лъикIаллъун рукIине бокьун батани, нужеца гьелъул шартI тIубазабе» – абун. Гьеб шартI буго лъикIалдалъун амру гьабулел ва квешалдаса нагью гьабулел рукIин. Гьаб шартIалъеги шартI буго жинца амру-нагью гьабулевги Аллагъасул амруялда нахъвилъларав вукIин ва Аллагъас нагью гьабураб жо тарав вукIин.

**III. Аллагъасда (عز وجل) иман лъечIеб къавмалъ муъминзабазе зарал гьабуларо жидер мацIаздалъун рогьоб бан, бугьтан лъун гурони. Нужеда рагъ базе абун данде рахъани, цингиги гьел хIинкъун, мугъ рехун тIурун уна ва гьезие Аллагъас квербакъи гьабуларо.**


**II2. Аллагъасда иман лъечIеб къавмалда тIад кидаго гIодобегIанлъи, хIакъирлъи букIине хIукму-къадар гьабун буго, кире гьел ругониги. Ва гьезие божилъи, хIалхьиги букIуларо Алагъасулгун (عز وجل) божилъи гьабун гурони ва муъминзабада аман гьарун, гьез божилъи гьабун тани гурони. Жидеда Аллагъасул ццин бахъи тIад чIарал руго гьел капурал, хасго ягьудиял, Аллагъас мискинлъи, пакъирлъи жидер сипатлъун гьабуралги руго. КигIан дунялалъул боцIи данде бакIараниги жидее гIоларел, жал хIалхьоларел руго.**

**Гьединаб гIодобегIанлъи, хIакъирлъи Аллагъас (عز وجل) къадар гьабиялъе гIилла буго: ягьудиял рукIин жидехъе хIакъав авараг вачIараб мехалъ ва Аллагъ (عز وجل) цо вукIиналда тIоритIел гьабулел, гьесда иман лъун, аварагасда нахърилъльин тIад гьабулел далилалги рачIараб мехалъ, жидеца гьезда инкар кколел ва щибго гIилла гьечIого аварагзабиги чIвалел. Гьеб гIодобегIанлъи гьезие хIакълъана Аллагъасда гIассилъиялдалъун ва гIорхъолъан рорчIарал кIудиял мунагьал гьариялдалъун.**

**II3. Киналго китабиял бащад гьечIо жидер иманалъулъ ва купруялъулъ. Китабиязул цо къокъа буго Аллагъасул (عز وجل) диналда ритIун чIарал. Жидеца сардилъ тIаде рахъун Аллагъасул каламги цIалулел, ва гьесие какалги ралел.**

**II4. Гьал китабиял руго жидеца Аллагъасда (عز وجل) ва ахир къиямасеб къоялдаги иман лъурал, хIакъаб жоялдалъун амру гьабулел ва мункараб жоялдаса нахъеги чIвалел. Щибго нахъ бахъичIого, хехлъи гьабун, лъикIал гIамалалги гьарулел. Гьал китабиял руго жал лъикIал гIадамаздаса ругел.**

**II5. Нужеца щиб лъикIаб гIамал гьабуниги, гьеб Аллагъасда (عز وجل) аскIоб гIадада холаро ва гьелъул кири-ажро нужее щола, хIакълъунго Аллагъ жинда лъалев вуго хIакъикъиял муъминзаби ва жиндаса хIинкъун гIибадат гьабулел гIадамал.**




**II6. Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул диналда инкар ккурал, аварагасда нахърилълъинеги чIухIарал,- гьал гIадамазе гьезул лъималаз ва бечелъиялъ щибго гIей гьабизе гьечIо Аллагьасда аскIоб, гьезие гIазаб гьаби хIакълъараб мехалъ. Гьал гIадамал руго жужахIалъул агьлулъун ругел ва даимго гьеб жужахIалда рукIунелги руго.**

**II7. Дунялалъул рецц бокьун, гIадамазе берцин вихьи бокьун напакъаде кьураб боцIиялъул мисал буго гучаб гьуриялда релълъун, жинда цадахъ цIикIкIараб квачги бугеб. Цинги гьеб гьури тIаде щвараб Аллагьасда гIасиял зулмучагIазул ах-хуралда ва жинца гьеб гьалаг гьабураб ва гьелдаса щибго мунпагIат босизе рес рекъечIеб. Гьединаб мисал буго капуразулги: гьез гьабураб лъикIаб гIамал гIадада хвезабула жудер купруялъ ва Аллагьасда гIасиялъиялъ. Гьал ах-хур гьуриялъ хвезабурал гIадамазе Аллагьас (عز وجل) щибго зулму гьабичIо. Гьеб буго гьезул напсаз квешаб гIамал гьабун жидеего гьабураб зулму.**

**II8. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца рекIел гьудулзабилъун ккоге нужер диналда гьечIел гIадамал. Гьезда нужер ракIазда бугеб жоги бицунге, муъминзабиги дорегIан гьарун гьал рокьуге. Гьел гIадамал кидаго нужее къварилъи гьабизе ургъулел рукIуна ва гьезие бокьула нужеде квешаб, рихунеб жо тIаде бачIине ва гьелдаса гьел цIакъ рохула. Нужедехун бугеб тущманлъи гьезул мацIалдаса загьирлъулеб буго, ва амма гьезул рекIелъ бугеб тущманлъи ва нужее къварилъи-зарал лъугьизе бокьи гIемерго цIикIкIараб буго, мацIалъ бицун нужее загьирлъаралдаса. Гьадин мухIкан гьабун бицун дица нужее баян гьабулеб буго Аллагьасе (عز وجل) дин бацIцIад гьабизе ккей.** Муъминзаби рокьизе ккей, капурзаби ва мунафикъал рикIкIад гьаризе ккей ва гьел нужер хIакъикъиял тущбаби рукIинги. **Нуж гIакъло бугел ва квешаб - лъикIаб жо бичIчIунеллъун ратани, нужеца гьаб вагIза босе ва гьалда нахърилълъа!**


**II9. Нуж кантIе, я гьал муъминзаби, нуж мекъса колел руго нужее мунапикъал ва купро-ширкалъул агьлу бокьиялъулъ, гьезие нужги рокьун гьечIеб хIалалъ. Нуж божулел руго киналго Аллагьас (عز وجل) рещтIизарурал тIахьазда, амма дол нужер Къуръаналдаса щибго жоялде божулел гьечIо. Нужеда данде чIвараб мехалъ мунафикъаз абулеб буго нижги Аллагьасда ва аварагасда иман лъурал ругин абун. Цинги нужедаса ратIалъарабго гьез, нужеда ццин бахъун ва нуж рихун, килщал хIанчIулел руго.** Бищунго гьезие захIматаб жо буго муъминзаби цоцазде рекъон рукIин ва гьезул цоцалъ рокьи ва вацлъи букIин. **Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ, нуж ццин бахъун хвайин абун: ай хвезегIан гьедин хутIаги нуж ццин бахъун ва ракI унтун. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго кинавго чиясул ракIазда жаниб бугеб иманги купроги ва щивасе мустахIикъаб жаза гьабулевги вуго.**

**I20. Нужее цо лъикIлъи щвани гьеб мунапикъазда цIакъ рихула ва гьел пашманлъула. Нужеда цо къварилъи щвани гьел цIакъ рохула. Нужеца** Аллагьасул (**عز وجل**) рахъалъан бачIараб къварилъиялда ва мунапикъазул заралалда сабро гьабуни ва нужер ругIабазулъ, пишабазулъ **Аллагьасдаса хIинкъун, гьев разилъи тIалаб гьабун нуж хьвадани, гьел мунапикъазул макруялъ ва хIалхъублъиялъ нужее щибго зарал гьабуларо.**

**ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьел мунапикъаз хьвадизабулеб гIамал жинда лъалев вуго.** Гьезие ва гьезда сверун лъугьаразе мустахIикъаб жаза гьабулевги вуго: дунялалъул рокъоб гьезул макруялдаса нужги цIунула Аллагьас (**عز وجل**), ахираталда жидер хъубал пишабазе гIоло гьезие гIазабги гьабула.

**I2I. Дуца ракIалде щвезабе МухIаммад ﷺ, мун дур агьлуялдаса радал хехго вахъун УхIудалда рагъ гьабизе араб заман, ва асхIабзаби тущманасда рагъ гьабизе хIадурлъи гьабун жиде-жидер**

**бакIазда чIезарулев мун вукIараб заманги. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужеца бицунеб жо рагIулев ва гьабулеб пиша лъалев вуго.**




**I22. Цинги нужедаса цо-кIиго къокъаялъул рекIелъ хIинкъи рехун, гьел УхIуд мегIер тун нахъе иналда гIагарлъун рукIараб гIужги ракIалде щва.** Гьаб кIиго къокъа буго «Банусалмат» ва «БанухIарисат» абулеб. **Аллагь (عز وجل) вуго гьеб кIиго къокъаялъе квер бакъулев ва гьезул умуразул тадбир гьабулев. Киналго муъминзабаца таваккал Аллагьасда тIаме гьезул киналго ишазулъ, Аллагьас квербакъизе бокьун бугони.**

**I23. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее квербакъана Бадроялда рагъ бугеб мехалъги ва нуж гьенир дагьалги рукIана тущманасул бояздаса. Гьаб амру гьадин бугелъул, нужеца Аллагьасе ( عز وجل) щукру гьабе нужее бугеб нигIматалда ва гьесдаса хIинкъа рагъдаса мугъ базе ва лъутун ине.**

**I24. Дуца муъминзабада абураб гIужги ракIалде щвезабе МухIаммад ﷺ, гьезул рекIел гъеялъе ва хIинкъи тIаса ине: «нужее гIеларищ бетIергьан Аллагьас (عز وجل) лъабазарго малаик витIани нужее кумек гьабизе» – абун.**

**I25. Аллагьасул къотIи битIараб буго: нужеца рагъда сабру гьабуни ва нуж Аллагьасдасаги хIинкъани, ва нужеда тIаде гьабсагIат тущбабазул боялги рачIани, Аллагьас (عز وجل) нужее жегиги цIикIкIун квербакъи гьабила – щуазарго малаик витIила жидер ярагъ лебалал ва рагъуе гьунар бугел.**

**I26. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб кумек нужее гьабичIо нужее рохел бицун гурони: нуж рагъда чIезе ва лъутунгутIизе. Ва амма рагъулъ квербакъи, жиндир гуч бергьарав ва жиндир тадбиразулъ хIакимияв Аллагьасдалъун гурони гьечIо.**

**I27. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб тадбир гьабуна: (нуж рагъде рахъинари ва нужее квербакъи гьабиги) Аллагьасде инкар ккурал гIадамазул цо къокъа гьалаг гьабизе гIоло, гьезул гIемерисел чIван, асир гьарун ва мушриказул мугъчIвайлъун бугеб цо къуват хвезабине: гьеб къуватги къурайшиязул боял руго. Ва гьел мушрикал рагъда къезарун, лъутинарун, гьезул ццин бахъинабизе ва мурадазда щвечIого, чIорого хутIараллъун гьаризеги.**

Аллагьас (**عز وجل**) мушриказе гьединаб инжитаб къей гьабуна Бадроялда рагъ ккараб мехалъ: гьезул лъабкъоялда анцIго цIар бугел церехъаби чIвана ва гьедигIанго асирги гьаруна. Гьеб рагъулъ тIадегIанав Аллагьас ислам тIадегIан гьабуна ва ширкги мушрикалги гIодорегIан гьаруна ва рагъулъ квербакъи Аллагьасдалъун букIин мухIканго бихьинабуна.


**I28. Дуда кодоб ва дур ихтияралда щибго жо гьечIо МухIаммад ﷺ! Лагъзадерил тадбир гьаби Аллагьасул амру буго, дуда тIадаб жо буго гьеб халкъ Аллагьасул (عز وجل) диналде ахIи. Мушриказул исламалда рачIарал гIадамал Аллагьасе бокьани тавбо къабул гьабун тIаса лъугьун тела. Исламалда рачIинчIого чIарал капурзабазе гIазаб гьабила ва жал гьалаг гьарила. Гьезие гIазаб гьаби хIакълъун бугелъул гьезул зулмуялда данде жазалъун.**

**I29. Аллагьасул (عز وجل) мулк буго зобал ракьал ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъат. Аллагьас жиндие бокьарав чиясул мунагьал чурула, гьев тавбо гьабиялда гьесизавун ва жиндие бокьарав чиясе гIазабги гьабула гьев купру-ширкалда тун ва гьеб гIамалалда хвезеги гьавун. ХIакълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив муъминзабада гурхIулев вуго.**

**230. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца риба гьабун хIарамаб боцIи кванаге щибаб мехалъ рибаялъул къадарги тIаде цIикIинабун. Нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа жагьилияб заманалъ букIараб, шаргIалда данде кколареб гIамал гьабизе. Нужеде хьул буго Аллагьасда мутIигIлъун хIарамаб жо тани гьес хира гьарурал гIадамаллъун нуж рукIинин абун.**

**I3I. Нуж хIинкъа муъминзаби, Аллагьас (عز وجل) капураб къавмалъе къачIан, хIадурун бугеб жужахIалда кколеб гIамал гьабизе.**

**I32. Нуж Аллагьасдаги гьесул аварагасадаги мутIигIлъе ва шаргIалда рекъараб гIамал гьабун хьваде. Гьедин нуж хьвадани Аллагь нужеда гурхIула ва нужее лъикIаб ахиратги букIуна.**




**I33. Нужеца хехлъи гьабе я гьал муъминзаби, Аллагьас (عز وجل) нужер мунагьал чурулел ва гьев нужеда гурхIулел лъикIал гIамалал гьариялда. Ва алжаналде лъугьунеб гIамал гьабизеги, жиндир гIатIилъи ва кIодолъи зобал-ракьал тIиритIун гIодор лъуниги гьездасаги жиб кIудияб, ва Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамазе жиб хIадурун бугеб.**

**I34. Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал гIадамал руго жидеца Аллагь разилъи тIалаб гьабун напакъа ва садакъа кьолел, жал рес-махIалда ругониги, мискинго ругониги, цо къварилъиялда ругониги, рахIат-лазаталда ругониги. Ва Аллагьасе гIоло ццим къунчIулел, ццидае бокьараб гьабун гIадамаздаса рецIел босуларел. Жидее къварилъи, зарал гьабурал гIадамалги тIаса лъугьун толел. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие лъикIал гIадамал рокьулев вуго. Аллагьасул лагъзадерие лъикIлъи гьабулел гIадамал руго гьел Аллагьасе (عز وجل) рокьулел, лъикIал гIадамал.**

**I35. Гьединго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал гIадамал руго, жидеца цо квешаб гIамал гьабураб мехалъ ва гьелдалъун жидер напсал мунагьалде ккараб мехалъ, жидеда Аллагь ракIалде щолел ва тавбо гьабун Аллагь (عز وجل) тIаса лъугьин тIалаб гьабулел. Жив тIаса лъугьунев ва жинца мунагьал чурулев Аллагь гурев цоги щивго гьечIо. Гьел муъминзаби мунагь гьабиялда тIад чIоларо ва жидеда гьеб гIамал къабихIаб, хIарамаб букIин лъараб мехалъ гьелдаса тавбо гьабун руссуна.**

**I36. Гьал церехун рицарал муъминзаби руго жидее Аллагьасул рахъалъан бугеб жаза мунагьал рахчи бугел ва жидее ахираталда алжаналги ругел, гьезда жаниса батIи-батIиял нигIматазул гIорал чвахулел ва жал даимго рукIинелъун гьел алжаназулъ лъугьизарулел. Аллагь-авараг разилъи тIалаб гьабун, ахираталда иман лъун, шаргIалда рекъон гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе бугеб цIакъ лъикIаб жаза буго гьаб алжан.**


**I37. ХIакълъунго нужеда цере рукIарал умматазул асар ва нух нужеда лъалеб буго. жидеца Аллагьасул (عز وجل) аварагзабиги, гьез малъараб динги къабул гьабичIеб мехалъ Аллагьас гьел гьалаг гьарун, гьезул асло ва насло тIагIизабуна. Нуж гьаб ракьалда тIад хьваде ва нужеца пикро гьабе ва вагIза босе гьалаг гьарурал умматазул нахъе хутIарал чIунтарал росабазул: кинаб ахир букIараб Аллагьги аварагзабиги гьереси гьарураб къавмалъул?.**

**I38. Гьаб хирияб Къуръан жинца гIадамазе кинабго жо баян гьабулеб Аллагьасул (عز وجل) калам буго, ва гIадамал хIакъаб диналда тIоритIулеб нурги буго. Ва Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзабазе вагIза-насихIатги буго.**

**I39. Нуж Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабизе загIипаллъун рукIунге ва нужеда къварилъи щванин абун пашманлъун хIакъаб нухдаса нахъе къаге. ХIакълъунго нуж капураздаса бергьине руго ва гьезда тIадги рукIине руго, нуж хIакъикъияб иман лъурал ратани гьаб хIукмо нужеда лъай ва нуж жигьад гьабизе хIинкъуге.**

**I40. Нужеда ругънал щун ругони, нужер гIадамалги чIван ругони, гьебго жо мушриказеги лъугьана: гьезулги гIадамал чIвана, гьездаги ругънал лъуна. Гьадинаб къагIида буго Аллагьасул хIукму-къадар билъэиналъул: дунялалъул къоял руго цин гьазие бергьенлъи букIунел, цинги дозие бергьенлъи букIунел. Гьадин хIалбихьун Аллагьас батIа гьарула унго-**

**унгоял муъминзабиги мунапикъалги. Ва Аллагьас (عز وجل) жиндие рокьарал муъминзаби гьазаваталда рукIадго шагьидзабилъун гьарула. Гьеб Аллагьасул кIудияб нигIмат буго. Аллагьасе цIакъ рокьуларо жидеца купру-ширкалдалъун ва нипакъаялдалъун зулму гьабулел гIадамал.**




**I4I. Гьаб цебе рехсараб хIалбихьи Алалагьас ( عز وجل) гьабула хIакъикъиял муъминзаби ратIа рахъизе, гьезие ажру-кириги цIикIкIине ва капураб къавмги гьалаг гьабизе.**

**I42. Нужеда ракIалдейищ кколеб я гьал муъминзаби, нуж алжаналда лъугьинин абун ва Аллагьас (عز وجل) нужер хIалбихьи гьабун Аллагьасул нухда гьазават гьабулел, гьеб нухда къварилъи, захIмалъи баччулел, гьелда сабро гьабулел муъминзабиги лъазариларин абун.**

**I43. ХIакълъунго нуж рукIана рагъ гьабизе бокьун ва шагьидлъун рахъизе бокьун, нужеда тущман данде чIвалелде ва рагъул захIмалъи бихьилалде ццерекун. Ва нужеда гьеб хвелги бихьана; нужер вацал чIвалаги бихьана ва нужгоги чIваялда гIагарлъун рукIана.**


**I44.** Гьаб аят рещтIинабуна УхIудалда щайтIаналъ МухIаммад чIванаян ахIидал, ва аварагасул гьумералда ругъун гьабурав Ибнукъумият абулев мушрикас дица авараг чIвана абидал. **МухIаммад ﷺ гьечIо Аллагьасул расул гурони. Гьединал Аллагьасул ( عز وجل) расулал цереги рукIана. Гьел расулал цоял чIван, цоял унтун хвана ва гьав расулги жив хвезе бегьулев буго. Гьав МухIаммад ﷺ унтун яги чIван хвараб мехалъ нуж исламияб динги рехун тун нужерго ширкалдейищха руссине ругел? Гьедин исламияб диналдаса руссарал гIадамаз Аллагьасе щибго зарал гьабуларо: ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) алжаналъул нигIматаздалъун жаза гьабизе буго жидеца гьесул нигIматазда щукру гьабурал ва Аллагьасул диналъе гIоло рагъулъ чIчIарал асхIабзабазе.**

**I45. Цониги напс холаро Алагьас (عز وجل) жиндие бихьизабураб заман тIубан хадуб гурони. Аллагьас щибаб напсалъе бугеб гIумро хъван, къадар гьабун хIадурун буго ва гьелъие щибго цебе яги нахъе бахъи букIуларо. ЧIван хваравги, рокъов бусада вегун хваравги жиндир гIажал щун хварав буго. Щив чи вугониги дунялалъул чIаголъи тIалаб гьабун, гьелъие гIоло хьвадулев, дица гьесие гьеб кьела ва амма гьесие ахираталда ажро букIинаро. Ахираталъул ажро-кири бокьун, Аллагь (عز وجل) разилъи бокьун, хьвадулев чиясе дица гьебги кьола. Ва Аллагьасул нигIматал лъан, гьезда данде щукру гьабулел гIадамазе дица хIисаб гьечIого лъикIлъи цIикIкIизабила ва ахираталда лъикIаб жазаги гьабила.**

**I46. Аллагьасул (عز وجل) аварагзаби (гIв) гIемер руго Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабурал ва гьелгун цадахъ Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзаби ва гIалимзабиги жигьадалда рахъарал. Гьездаги рагъулъ захIмалъи къварилъи бихьана, цо-цоял чIвана, цогидал лъукъана. Ва амма гьел хIинкъичIо ва гьел загIип гьаричIо Аллагьасул нухда жидеда щвараб къварилъиялъ ва тущманасда цере гIодорегIанлъичIо, гьесдасан гурхIел тIалаб гьабичIо. ТIадегIанав Алагьасе (عز وجل) жидеца сабро гьабулел гIадамал рокьула.**

**I47. Дол аварагзабаз (гIв) ва гьелгун цадахъ рагъ гьабулел муъминзабаз, бахIарчилъиялда рагъ гьабигун ва иманалъулги, диналъулги къуват букIингун цадахъ, Аллагьасда хIелун абулеб букIана: «Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца нижер мунагьал чуре, дуе гьабулеб гIибадаталъулъ нижедаса ккараб кIвахIаллъи, жагъаллъиги тIаса лъугьун те. Дуца ниж рагъул майданалда чIезаре, Дуца нижее квербакъиги гьабе купру- ширкалъул къавмалда тIад бергьенлъи босизе» – абун.**

**I48. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьал муъминзабазе дунялалъул лъикIлъи кьуна: тущбабазда тIад бергьенлъи кьуна. Ахираталда гьезие гIемерго кIудияб ва берцинаб лъикIлъи букIизе буго, нигIматазул алжаналги Аллагь разилъиги букIине буго. ХIакълъунго Аллагь ( عز وجل) лъикIаб гIамал гьабулел гIадамал рокьулев вуго.**




**I49. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж гIенеккани капурзабаз бицунеб хабаралда ва гьезие мутIигIлъани, гьез нуж хIакъаб диналдаса руссинарун купру-ширкалда рачине руго ва нуж Аллагьас тIоритIун рукIун хадур цIакъго чIорого хутIараллъун лъугьизе руго:** иманги бичун купру босиялдаса кIудияб дараналъулъ къей щибха букIинеб?

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна гьаб аят рещтIиналъе сабаб буго: УхIудалдаса нахъе руссун хадурги мунапикъзаби гаргадана: «Гьав чи хIакъав авараг вукIаравани гьасда ругъналги щвелароан, гьасул асхIабзабиги чIвелароан, нуж нужерго цебе букIараб диналде русса» – абун.

ТIадегIанав Аллагьас цебехун араб аят рещтIине гьабуна ва хадубги абуна:

**I50.** Гьал купарал ва мунапикъзаби нужее лъикIлъи бокьарал гIадамал гьечIо. **ТIадегIанав Аллагь ( عز وجل) вуго нужер тадбир гьабулев ва нужее квербакъулев ва гьев квербакъулезул бищунго лъикIавги вуго.**

**I5I. Дица капурзабазул рекIелъе хIинкъи рехине буго гьез Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабун цоги жоялъе гIибадат гьаби сабаблъун, гьеб ширк гьабиялъе жидее щибго гIилла хIужжаги гьечIого, Аллагьас (عز وجل) гьеб ширк гьабиялде ахIулеб аятги рещтIинабичIого. Ахир гьел руссунеб бакIги жужахI букIине буго. ЦIакъ квешаб чIолеб бакI ва руссунеб бакI буго гьеб жужахI жидеца купру - ширкалдалъун зулмо гьабурал гIадамазе.**


Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго: *«Аллагьас дие квербакъи гьабун буго моцIалъ рилълъун унеб нухалъ рикIкIад рукIадго купаразул рекIелъ хIинкъи рехизе гьабун»* – абун. Дунялалда гьаб хIинкъи буго ва ахираталда гIазабги буго Аллагьасул тущбабазе.

**I52. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) нужее квербакъилин абун гьабураб къотIи тIубазабуна: УхIудалда рагъ гьабулеб мехалъ Аллагьасул (عز وجل) изнуялдалъун нужеца капурал чIвалел рукIана ва нужер хвалчабаз лъилъараб хур гIадин тущбаби гIодореги ралел рукIана. Цинги нуж хIинкъун риххана, ва магIарда тIад чIун рукIарал чIор речIчIугнел рагъухъабиги гьениса нахъе рачIана ва нуж аварагасул ﷺ амруялдаги гIасилъана. Нужеца аварагасул ﷺ амруялдда гIасилъи гьабуна нужее бокьулеб жо бихьараб мехалъ. капурзаби хIинкъун лъутулел рихьараб мехалъ, ва нужее давла щвезеги бокьараб мехалъ. Нужеда гьоркьор руго дунялалъул магIишат бокьарал гIадамал. Ва нужеда гьоркьор руго ахират бокьарал гIадамалги. Цинги ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нуж нахъе руссинаруна ва капураздаса лъутинаруна нужер иманалъул хIалбихьине. Аллагь нужеда тIасаги лъугьана гьеб гIасилъи ккун букIаниги. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) муъминзабазе цIобал гIатIидав вуго ва гьезие хиралъи, кIодолъи кьолев вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудидаса хIадис бицана: *УхIудалда рагъулеб мехалъ муъминал руччаби рукIана асхIабзабаз лъукъарал мушрикал жидеца хвезарулеллъун. Гьеб къоялъ дица гьа гьедун букIарабани нижеда гьоркьов цониги чи гьечIин жиндие дунял бокьарав абун, дида кколаан дир гьа битIараб букIилин абун. Дида лъалеб букIинчIо нижеда гьоркьор дунял бокьарал чагIи рукIин,*

*тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб аят рещтIинегIан: «Нужеда гьоркьор руго жидее дунялалъул магIишат бокьарал гIадамал»* – абун.

**I53. Нужеца ракIалде щвезабе я гьал муъминзаби, нуж капурзабадаса лъутун магIардехун унеб гIуж,** цояв цоясдаги валагьичIого, цоцазе кумекги гьабичIого. **Нужеда хадув ахIдолев хирияв аварагги ﷺ вукIадго. Нужее Аллагьас цоялда хадуб цогиги ракI къварилъи, пашманлъи тIаде биччана: рагъда нуж риххун лъутун иналъул, авараг чIвана абураб хабаралъул, гьанимат щвечIого хутIиялъул.** ТIадегIанав Аллагьас муъминзабада гьал пащманлъаби рихьинаруна: **жидехъа борчIун араб гьаниматалда гьезул ракI бухIичIого букIине ва гьезда щварал ругьналги рихахичиги бигьаяб жолъун бихьине. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб жо жинда лъалев вуго.**




**I54. Цинги тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нуж гьеб пашманлъи-къварилъиялда рукIадго, нужеда тIаде макьу биччана, нуж хIинкъичIого рукIине сабаблъун. Гьеб макьуялъ нужер цо къокъа гьапул гьабуна**, ай хIинкъарав чиясда макьу бачIунаро, Аллагьас гьал муъминзабазул хIинкъи тIаса инеабун гьазда макьу щвезабуна. **Цоги къокъа букIана жидер напсазул ургъалида бугеб, рекIел хIинкъиги жегиги цIикIкIараб.** Гьал руго мунафикъзаби, гьезие макьоги щвечIо. **Гьал мунапикъзаби Аллагьасда ( عز وجل) щакдарулел руго ва гьезул ракIазулъ квешал пикраби хIалтIулел руго.**

**Гьал мунапикъаз абулеб буго: «Нижехъ бугеб ихтиярго щиб бугеб?» – абун. Дуца абе МухIаммад ﷺ, Кинабго амру Аллагьасда (عز وجل) кодоб буго ва гьеб Аллагьас жиндие бокьухъин билъалъизабула» –абун.**

**Гьал мунапикъаз дуе загьир гьабулеб гуреб, рекIелъ бахчараб жо буго. Щиб гьеб абуни, гьез абулеб буго нижехъ ихтияр букIарабани ниж рагъдего рачIине рукIинчIо» - абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «нуж нужерго рукъзабахъ рахчун чIчIун рукIараланиги Аллагьас (عز وجل) чIвазе къадар гьабурав чи гьев чIвазе хъвараб бакIалде вачине вукIана» - абун.** Аллагьасул къадаралдаса ворчIизе ва лъутизе бакI букIуларо.

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) УхIудалда муъминзаби рагъда къезариялъе хIикмат бицун абулеб буго: **«нужер ракIазулъ бугеб жоялъул хIалбихьизе гьабуна дица гьаб ухIудалда ккараб иш: Ва нужер ракIалги рацIцIад гьаризе:** тавбо гьабун, иман цIи гьабун Аллагьасде руссарал Аллагьас къабул гьаризе. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужер ракIазулъ бугеб кинабго жо лъалев вуго** ва щивасе жинда рекъараб жаза гьабулевги вуго.

**I55. УхIудалда муъминзабазул ва мушриказул кIиго къокъа рагъизе данделъараб мехалъ гьенисан мугъ бан лъутун арал нужер гьалмагъзаби, гьел руго щайтIаналъ гIодоргIанлъиялде ккезарурал. ЩайтIан гьезда тIад бергьинги гьез гьарурал мунагьал сабаблъун буго.**

Гьел мунагьазул кIудиябги Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасул амруялда хилиплъи буго: магIарда рукIарал чIор речIулел рагъухъабаз жидер бакI тей буго, гьеб бакI тоге абун аварагас ﷺ амруги гьабун букIун.


**ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьал муъминзабазда тIаса лъугьана. Жинца мунагьал рахчулев, жив гурхIулев, хIалимав вуго Аллагь.**

ЛъикIал гIадамазул цояс абуна: «ЛъикIаб гIамалалда данде бугеб кири буго хадубги лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъ гьаби. Квешаб гIамалалъе гьабулеб жазалъун буго гьелдаги хадуб цогиги квешаб гIамал гьаби» – абун.

**I56. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж капурзабазда релъльун рукIунге, жидеца жидерго гьудулзабазул хIакъалъулъ абулел, цо сапаралда ун рукIанин, яги гьазаваталда ун рукIани: «Гьал гьалмагъзаби нижеда аскIор рокъор чIун рукIаралани, гьал хвезеги рукIинчIо, чIвазеги рукIинчIо» – абун. Гьадинаб батIулаб игIтикъад Аллагьас (عز وجل) гьезул рекIелъ лъун буго хварал чагIазда гьезул гIемерго ракI бухIизе**. Гьал капуразул ракIалда бугеб хIалалъ гьечIо иш. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жинца хвезарулев ва чIаго гьарулевги. Нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулевги вуго Аллагь.**

**I57. Нуж Аллагьасул (عز وجل) диналъе гIоло рагъулаго шагьидлъун хваниги, яги рукъор рукIун хваниги,** амма гьазаваталда ине бокьунги букIун, **гьаб хIалалъ хвел ва Аллагьасул рахъалъан бугеб мунагьал рахчиги лъикIаб буго нужее, гьаб дунялалда чIаго хутIун магIишат гьабулаян рукIиналдаса.**

Гьаб амру гьадин бугелъул нужеца тIаса бище нуж Аллагьасда гIагар гьарулеб ва гьев разилъи щолеб гIамал. Гьал гIамалазул бищунго лъикIаб буго ракьалда Аллагьасул дин букIиналъе гIоло гьазават гьаби. Гьединго буго дагIват гьабун диналда халкъ ахIиги, цогидаб исламияб диналъе мунпагIат бугеб гIамалги. Инсан Аллагьас (عز وجل) жиндие тIагIат- гIибадат гьабизе вижун вугелъул, гьеб тIагIат бищунго Аллагь разилъулеб гьаби лъикI буго. Инсан хвалие вижарав вугелъул, Аллагьасул диналъе гIоло хвей тIадегIанаб даража макъам буго.




**I58. Нуж бусада регун рукъор хваниги, рагъул майданалда шагьидлъун хваниги, ахир киналго Аллагьасде (عز وجل) руссине руго ва щивасе жиндир гIамалазда рекъараб жазаги гьабизе буго.** Ахираталда лъикIаб рукъ щвей бищунго кIудияб талихI буголъи.

УхIудалда бахIарчилъи бихьизабураздаса вуго жинда Аллагь разилъаяв Анас бину Назар асхIабги. Бусурбаби хIинкъун риххараб мехалъ ва мунапикъаз Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг чIванаян хабар тIибитIизабидал, Анасица абуна: «Я дир Аллагь, дица гьарулеб буго, дуца гIузру къабул гьаби бусурбабаз гьабураб жоялдаса, ва дун вацIцIадав вуго гьал мушриказ гьабураб жоялдаса»– абун. Цинги гьев хвалченги бахъун унаго, СагIдо бину МугIаз данде ккана, жинда Аллагь разилъаяв. Анасица абуна: «Мун киве унев я СагIаду! Валлагьи дие алжаналъул махI бачIунеб буго гьаб УхIудалдаса»-абун. Цинги гьев рагъулъе ана ва жив чIвазегIан вагъана. Мушриказ гьесул черх къотI-къотIун инжит гьабун букIана, щив вугеб лъалареб хIалалъ ва жиндир черхалда ункъогоялдасаги гIемер ругънал рукIана. Яц тIаде ячIун, гьелда Анас (ра) лъана кIалдир ругел цабзаздалъун.

**I59. Аллагьас дур чорхолъе лъураб гурхIел-рахIмуяб тIабигIаталдалъун мун дур асхIабзабадехун тамахлъана МухIаммад ﷺ,** ва дур амруялда хилиплъи гьабуниги гьезда квешаб рагIиги абичIо, рихунеб жоги бицинчIо. **Мун вукIаравани ракI согIав, ццин хехав чилъун, дуда аскIосан асхIабзаби лъутун инаан ва мун цохIого хутIилаан.**

**Мун асхIабзабадаса тIаса лъугьа МухIаммад ﷺ, дуца гьезул мунагьал рахче абун Аллагьасдаги гьаре, дур умуразулъ гьезулгун мушавараги гьабе. Цо амру гьабиялда дуца къасд гьабураб мехалъ Аллагьасда таваккал тIамун гьебги гьабе. ХIакълъунго Аллагьасе (عز وجل) жинда таваккал тIамулел ва кинабго жоялъул гьесда божун рукIунел гIадамал рокьула.**

**I60. ТIадегIанав Аллагьас нужее квербакъи гьабураб мехалъ нужедаса бергьине кIолев щивго вукIунаро. Аллагьас (عز وجل) нуж хIинкъизаруни, цинги щивха вукIинев нужее квербакъизе кIолев, гьев Аллагьасул изну гьечIого?** Гьаб амру гьадин бугелъул **муъминзаби кидаго Аллагьасда (عز وجل) тавакал тIамун, гьесда божун рукIа абе.**


**I6I. Аллагьасул аварагас гьаниматалъе щвараб боцIиялъулъ хиянат гьабуларо. Нагагь жинца хиянат гьабун щив чи вугониги, гьев чи къиямасеб къоялъ хиянат гьабун босараб жоги горбода бан вахъизавула халкъалда цеве. Цинги киналго гIадамазул хIисаб мизанги гьабула. Ва щибаб напсалъе щибго мукъсанлъиги гьабичIого жаза гьабизе буго ва цониги чиясе щибго зулмуги гьабизе гьечIо.**

**I62. Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун хьвадарав чи релъулъун вукIинищ Аллагьасда гIасилъарав ва жинда гьесул ццинги бахъарав чиясда. Гьав чиясул вуссунеб бакI жужахI буго ва цIакъ квешаб рукъ буго гьеб жужахI.**

**I63. Аллагь (عز وجل) разилъараб ва Аллагьасул ццин бахъараб агьлуялъул батIи-батIиял даражаби руго Аллагьасда аскIор. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) лагъзадерил ахIвалал лъалев вуго ва гьезие жаза гьабулевги вуго.**

**I64. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) кIудияб цIоб гьабуна муъминзабада: гьезухъе жидедаго гьоркьоса авараг витIун.** Жидер мацIги лъалев, гьезда гьитIинаб къоялдаса нахъего жив лъалев ва жиндир хIакъикъатги лъалев. **Жидее Аллагьасул Къуръан цIалулев, мунагь-хатIаялдаса, къабихIал пишабаздаса, купру-ширказдаса гьел рацIцIад гьарулев. Жинца гьезда Къуръанги ва бацIцIадаб суннатги лъазабулев. Аллагьас (عز وجل) жидехъе гьев авараг ﷺ витIилелде цере жал цIакъ къосараллъун рукIана.**

**I65. УхIудалда къварилъи ккараб мехалъ нужеца щай абулеб гьаб балагь киса нижеда бачIараб абун. Бадроялда рагъ гьабулеб мехалъ нужеца мушриказдаги щвезабун букIана УхIудалда нужеда щвараб кIигогIан цIикIараб балагь. Дуца гьезда абе МухIаммад, гьаб балагь буго нужецаго нужее гьабураб – абун. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жиндие бокьараб жо гьабулев вуго ва гьесул хIукму хисинабизе кIолев щивго вукIунаро**




**I66. УхIудалда кIиго къокъа рагъда данд чIвараб мехалъ нужеда щвараб балагь ва къварилъи Аллагьасул хIукмуялдалъун буго: Гьелда жаниб Аллагьасул хIикматги буго хIакъикъиял муъминзаби мунапикъзабаздаса ратIа рахъи.**

**I67. Гьединго мунапикъзаби щал ругел лъай буго УхIудалда ккараб рагъалъул хIасил. Муъминзабаца гьал мунапикъазда абидал: «нужги нижгун цадахъ мушриказда рагъизе рачIа, яги нахъруссун лъутун инчIого нижгун цадахъгIаги чIа. Тущманасда нилъ гIемераллъун рихьизе» – абун, мунапикъзабаца абуна: «нижеда лъалеб букIарабани гьаб УхIудалда рагъ букIине букIин, ниж нахъ руссине рукIинчIо, - абун.** Ай нижеда ракIалде кколеб буго гьаниб рагъ букIинаро абун». **Гьал гIадамал куфроялде цIикIун гIагарда руго иманалда ругелдаса.** Ай гьазул гIамал капурзабазул гIамал буго. **Гьез кIалаздалъун абулеб буго жидер рекIелъ гьечIеб жо. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго гьез рекIелъ бахчун бугеб нифакъ ва ширк.**

**I68. Гьединго Аллагьасда (عز وجل) ва муъминзабада лъазе мунафикъзабазул цогидаб къокъаги:** жал рагъде рачIинчIел, УхIудалдаса асхIабзаби нахъ руссун рачIараб мехалъ жидеца абулел: **«Гьал муъминзабиги гьазда цадахъ УхIудалда чIварал нилъер гьалмагъзабиги нилъехъ гIенеккун рукIаралани ва рагъ гьабичIого чIун рукIаралани жал чIвазе рукIинчIо» – абун.**

**Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нужеца хвел нахъ чIвайха нужерго напсаздаса, гьеб нужер рагIиялъулъ нуж ритIараллъун ратани» – абун.**

**I69.** Гьаб аят рещтIинабияле сабаб бицун ИбнугIаббасица (ра) абуна: Аллагьасул расулас ﷺ абуна:

*«нужер муъминал вацал УхIудалда чIван хвараб мехалъ Аллагьас (**عز وجل**) гьезул рухIал лъуна гIурччинал алжаналъул хIанчIазул чорхолъе, алжаналъул гIораздаса лъин гьекъолел ва алжаналъул пихъалги кваналел. гьезул руссунеб бакIги ГIаршалъул рагIдукь ругел меседил чирахъазда аскIоб бугеб. Цинги гьединаб гьуинаб, лазатаб квенги лъинги батидал, берцинаб руссунеб бакIги батидал гьез абуна: «Щивха вукIинев нилъер диналъул вацазда жинца бицунев нилъ алжаназда жанир чIаго рукIин ва Аллагьасул нигIматазулъ рукIин, гьел муъминзабазул гьазаваталда хьул лъезе, тущманасдаса хIинкъичIогоги рукIине» – абун. ТIадегIанав Аллагьас абула: «Дица бицина нужер хабар чIаго ругел нужер вацалазда»* – абун.


Цинги гьаб аят рещтIинабуна**: «Нужеда ракIалда ккоге Аллагьасул диналъе гIоло рагъулаго шагьидлъарал гIадамал хун руго абун. Гьел шагьидзаби Аллагьасда аскIор чIаго руго, жидее ризкъи кьолелги руго».**

**I70. Аллагьас жидее кьураб хиралъи, тIоклъиялдаса роххунги руго гьел шагьидзаби Ва гьез роххелги загьир гьабулеб буго жеги чIаго ругел мужагьидаз гъазават гьабун гьел шагьидлъараб мехалъ Аллагьас гьезие кьезе бугеб хиралъиялъул: гьел муъминзабазе щибго ахираталда хIинкъи гьечIо абун ва гьел пашманлъизеги гьечIо абун дунял тун ахираталда руссиналда.**

**I7I. Аллагьасдаса (عز وجل) ругел кIудиял нигIматазда ва цIоб-рахIматалда роххел загьир гьабулел руго гьел шагьидзаби. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) муъминзабаца гьабураб лъикIаб гIамалалъул ажро-кири хвезабуларев, гьезие кири гIемерго цIикIкIизабулев вукIиналдаги рохел загьир гьабулел руго.**

**I72. Аллагьасул ва гьесул расуласул ﷺ ахIиялъе жаваб гьабурал муъминзаби, жидеда ругъналги щун рукIун, къварилъиги бихьун букIун хадуб, гьездасан хадубги лъикIаб гIамал гьабун, Аллагьасдаса хIинкъун хьвадаразе Аллагьасул кIудияб ажро-кири буго ва Аллагь разилъи буго.**

**I73. Гьал муъминзаби (ра) руго цо къавмалъ гьезда абураб мехалъ: «нужеда рагъ гьабизе гIемерал мушрикал данделъун руго. Нуж гьезда рагъизе унге, нуж гьездаса хIинкъа»–абун, жидер иман жегиги цIикIкIарал ва жидеца абурал: «нижее гIей гьабулев, квербакъулев Аллагь (عز وجل) вуго. Жинда таваккал тIамизе цIакъ лъикIав ва мустахIикъав вуго гьев Аллагь» – абун.**




**I74. Цинги жал рагъде арал ва Аллагьасул цIобалдалъун рагъ гьабизе ккечIого нахъруссарал, жегиги нухда даран данде ккун тIокIлъиги щварал. Жидеда щибго квешаб жоги щвечIел, гьез тIалаб гьабураб Аллагь разилъи щварал. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) цIобал гIатIидав, хиралъи, тIокIлъи гIемерав вуго.**

**I75. Доб «нуж рагъизе унге» абун ахIулеб жо щайтIан буго, жиндир макруялъ гIккарал гIадамал хIинкъизарулеб**. Гьел руго мунапикъзаби, жал рагъде ине хIинкъарал. Цоги магнIна гьабуна гьаб рагIиялъе: щайтIаналъ нуж хIинкъинарулел руго жиндир авлияздалъун абун. ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) абулеб буго: **«Нуж гьел мушриказдаса хIинкъуге. Нуж дидаса хIинкъа, иман лъураллъун ратани»–абун.**

Куфаразда данде рагъизе нужее квербакъулев вуго дун. Нуж дир амруялда гIасилъизе хIинкъа: дунял ахираталда гьалаглъизе бегьула нуж дида гIасилъани. Бусурбаби хIинкъизарулеб хабар бицине Абусупяница НугIайм бину МасгIуд абулев чи витIун вукIана. Гьасда «щайтIан буго» абуна: мушриказул кинабго гIамал щайтIаналда нахърилъун гьабулеб бугелъул.

**I76. Мун пашман гьавуге МухIаммад ﷺ, гьел мунафикъзаби купруялдехун унел рукIиналъ. Гьал**

**мунафикъзабазда кIоларо Аллагьасе (عز وجل) щибго зарал гьабизе, гьез жидерго напсазе буго зарал гьабулеб. Аллагьасе бокьун буго, жиндир къадаралда рекъон, гьал гIадамал ахираталда щибго лъикIлъи гьечIел рукIине ва гьезие гучаб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**I77. Аллагьасда (عز وجل) иман лъейги бичун купру босарал гIадамазги Аллагьасе щибго къварилъи гьабуларо ва гьазиеги ахираталда гучаб гIазаб букIине буго.**

**I78. Капурал гIадамазда ракIалде ккоге абе, жидее нигIматалги кьун дунялалда рахIаталда тей гьезие лъикIаб жо бугин абун. Дица гьел гьалаг гьаричIого нахъе рахъун тун руго, гьезул мунагьал гIемерлъизе ва гьезие ахираталда гьел гIодорегIан гьарулеб квешаб гIазаб букIине буго.**

**I79. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) муъминзаби толаро мушрикалгун ва мунафикъалгун журан: хIакъикъял муъминзаби ва мунафикъзаби ратIа рахъун загьир гьаричIого толаро.**


Ибнукасирица абуна: Аллагьас (**عز وجل**) цо гIакъуба-къварилъи тIаде биччала жиндир вали (вокьулев) загьир гьавизе, тущманги загьир гьавун халкъалда цеве инжит гьавизе. Сабро гьабулев муъминчиги, къосарав мунафикъги загьиралда лъазе – абун.

**ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нуж раккизаруларо жиндир балъгоял умуразда. Киннигги Аллагьас жиндир аварагзабаздаса бокьарав чи тIаса вищула ва гьел цо-цо балъгоял умуразда раккизарула.** Гьадин хирияв авараг ﷺ, Аллагьас мунафикъазул хIалазда ваккизавуна ва гьесда гьезул щивав цояв лъалевги вукIана. Гьаб амру гьадин бугелъул: **нужеца Аллагьасда ва гьесул расуласда камилаб иман лъеялъ иман лъе** ва нужеда лъай: ЦохIо Аллагь вуго жинда кинабго балъгояб жо лъалев. **Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул расуласда ﷺ иманги лъун, Аллагьасдасаги хIинкъун нуж хьвадани, нужее ахираталда цIакъ гIемераб ажро букIине буго.**

**I80. Аллагьас (عز وجل) жидее кьураб, гьесул цIоб-рахIматлъунги бугеб жоялдаса Аллагьасул нухда боцIи кьезе бахиллъарал гIадамазда ракIалда ккоге абе гьез гьабулеб гIамал цIакъ лъикIаб бугин абун. Гьеб жидер ахираталъе цIакъ квешаб гIамал буго. Къиямасеб къоялъ горбода тIад ххун гьеб боцIи-малги баччун, жужахIалъул гIазабалъулъ рукIине руго гьел гIадамал.**

**Ахираталда ТIадегIанав Аллагьасде (عز وجل) буссине буго зобал ракьазул ва гьезда жаниб бугеб жоялъул ханлъи. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужер гIамалал жинда лъалев вуго:** балъгоябги загьирабги жо лъалев вуго щибго батIалъи гьечIого.

Жинда Аллагь разилъаяв Бухарияс бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьас жиндие мал кьурав ва гьелдаса закат кьечIев чиясе къиямасеб къоялъ гьеб мал бачIуна кIудияб борохьалъул сураталда жиндир кIиго мацI бугеб, гьев чиясул горбода жемун, кIалалде цебе баккун гьеб борохьалъ абула: «Дун буго дур боцIи-мал. Дун буго дуца хазинаде цIунараб жо»* – абун.


الجزء الرابع سورة آل عمران
لَقَدْ سَمِعَ ٱللَّهُ قَوْلَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓا۟ إِنَّ ٱللَّهَ فَقِيرٌ وَنَحْنُ أَغْنِيَآءُ ۘ
سَنَكْتُبُ مَا قَالُوا۟ وَقَتْلَهُمُ ٱلْأَنۢبِيَآءَ بِغَيْرِ حَقٍّ وَنَقُولُ
ذُوقُوا۟ عَذَابَ ٱلْحَرِيقِ ﴿١٨١﴾ ذَٰلِكَ بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيكُمْ
وَأَنَّ ٱللَّهَ لَيْسَ بِظَلَّٰمٍ لِّلْعَبِيدِ ﴿١٨٢﴾ ٱلَّذِينَ قَالُوٓا۟ إِنَّ ٱللَّهَ
عَهِدَ إِلَيْنَآ أَلَّا نُؤْمِنَ لِرَسُولٍ حَتَّىٰ يَأْتِيَنَا بِقُرْبَانٍ
تَأْكُلُهُ ٱلنَّارُ ۗ قُلْ قَدْ جَآءَكُمْ رُسُلٌ مِّن قَبْلِى بِٱلْبَيِّنَٰتِ
وَبِٱلَّذِى قُلْتُمْ فَلِمَ قَتَلْتُمُوهُمْ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ
﴿١٨٣﴾ فَإِن كَذَّبُوكَ فَقَدْ كُذِّبَ رُسُلٌ مِّن قَبْلِكَ جَآءُو
بِٱلْبَيِّنَٰتِ وَٱلزُّبُرِ وَٱلْكِتَٰبِ ٱلْمُنِيرِ ﴿١٨٤﴾ كُلُّ نَفْسٍ
ذَآئِقَةُ ٱلْمَوْتِ ۗ وَإِنَّمَا تُوَفَّوْنَ أُجُورَكُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ ۖ
فَمَن زُحْزِحَ عَنِ ٱلنَّارِ وَأُدْخِلَ ٱلْجَنَّةَ فَقَدْ فَازَ ۗ وَمَا
ٱلْحَيَوٰةُ ٱلدُّنْيَآ إِلَّا مَتَٰعُ ٱلْغُرُورِ ﴿١٨٥﴾ ۞ لَتُبْلَوُنَّ فِىٓ
أَمْوَٰلِكُمْ وَأَنفُسِكُمْ وَلَتَسْمَعُنَّ مِنَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟
ٱلْكِتَٰبَ مِن قَبْلِكُمْ وَمِنَ ٱلَّذِينَ أَشْرَكُوٓا۟ أَذًى كَثِيرًا ۚ
وَإِن تَصْبِرُوا۟ وَتَتَّقُوا۟ فَإِنَّ ذَٰلِكَ مِنْ عَزْمِ ٱلْأُمُورِ ﴿١٨٦﴾
الجزء ٨
٧٤

**I8I. ХIакълъунго Аллагьасда ргIана гьел гIадамазул ргIи: Аллагь пакъирав вугин, ниж бечедал ругин жидеца абулел. Дица малаикзабазда амру гьабила гьазул гьаб къабихIаб ргIи хъвай абун ва гьез щибго хIакъ гьечIого аварагзаби чIвараблъиги хъвай абун. Цинги ахираталде щведал гьаб гIамал хъвараб кагъат цебе рехун дица гьезда абила «гьанже жужахIалъул гIазаб чIаме нужеца» – абун.**

Ягьудияз «Аллагь пакъирав вуго», «Аллагь къарзалъе жо тIалаб гьабулев вуго» абурал ргIаби абулел рукIана жидеда нахърилъарал загIипал, жагьилал гIадамал исламалде инчIого рукIине, гьел щакдаризаризе. Амма ягьудиязул гIалимазда лъалаан жидеца бицунеб жо гьереси букIин ва кIудияб мунагь букIин. Гьаб магIна баян гьабун Аллагьас ягьудиязда абулеб буго:

**I82. гьединаб гучаб гIазабалъулъ ругел гьезда абула: Гьаб гIазаб гьабулеб буго нужеца дунялалда гьабураб гIамалалде данде жазалъун. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) лагъзадерие зулмо гьабулевлъун гьечIоян абун.**

**I83.** Гьаб аят рещтIинабуна ягьудазул цо къокъаялъ абидал: «Я МухIаммад, Дуца абулеб буго мун Аллагьасул расул вуго абун ва духъе тIехьги рещтIизабуна абун. Аллагьас нижедаса къотIи босун буго Тавраталда жаниб: «Нуж цониги аварагасда божуге жиндир мугIжизатлъун къурбаналъе хъураб жо цIаялъ кваналеб гьечIони» - абун. Мун гьадинаб мугIжизатгун вачIани, нижеца мун ритIухъ гьавила ва дуда нахърилъина» – абун. Цинги Аллагьас (عز وجل) абуна:


**Жидеца абулел гIадамал: «Аллагьас нижедаса къотIи босун бугин, нуж цониги аварагасда божугеян, гьев аварагас хъураб къурбан цIаялъ кваналеб бихьун гурони» – абун, дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: нужехъе дида цере аварагзаби рачIун рукIана гурищ баянал хIужабигун ва мугIжизаталгун. Гьаб нужеца абулеб мугIжизатги букIана гьел аварагзабазе. Щайха нужеца гьел аварагзаби чIварал, нуж битIараб жо бицунеллъун ратании - абун.**

Нужеца дол аварагзаби гьереси гьаруна ва гьезда рагъ бана, гьанже нужеца Аллагьасда иман лъела ва расуласда нахъги рилъулъина абураб жо кин битIараб букIунеб?

**I84. Гьал ягьудияз мун гьереси гьавунин абун дуда гьеб рихунге МухIаммад ﷺ. ХIакълъунго дуда цIерехун рукIарал аварагзаби гьал ягьудиязул цересел къавмазги гьереси гьаруна. Гьелги Аллагьасул рахъалъан жидеца нур базабулел тIахьалгун ва баянал хIужабигун рачIун рукIана.** Мусса ва ГIиса авараг (гIв) Таврат Инжилгун ва кIудиял мугIжизаталгун рачIун рукIана.

**I85. Кинабго напс жинца хвел чIамизе бугеб буго. Ва нужер гIамалазул хIисаб гьабун жазаги гьабизе буго ахир къиямасеб къоялъ. Нужедаса жужахIалдаса рикIкIалъарав, гьелъул гIазабалдасан ворчIарав ва жив алжаналдаги лъугьинавурав чи,- гьав вуго жиндир кIудияб хиралъи, тIокIлъиялда квершел батарав. Гьаб дунялалъул чIаголъиги гьечIо дагьабго мехалъ жиндаса мунпагIат босулеб ва жинца инсанги гуккулеб жо гурони.** Хеккого жиб толеб, ахIмакъав чиясул гурони жинда ракI гъоларе жо буго дунялалъул чIаголъи.

**I86. Нужер цIакъ хIалбихьи гьабизе буго, я гьал муъминзаби: нужер боцIи-малалдалъун, нужерго напсаздалъун ва лъимал-хъизаналдалъун. Ва нужеда цIакъ гIемер ргIизе буго китабияздаса ва муширказдаса нужее зарал гьабулеб, ракI къварид гьабулеб хабар. Гьаб кинабго жоялда нужеца сабро гьабуни, Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун, гьесул амруялда нахърилъун нужги хьвадани – гьал руго бищунго кIудиял, жидеда тIадчIей гьабизе кколел умурал (ишал).** Гьалда жаниб буго нужее хвасарлъи ва Аллагь (عز وجل) разилъи. ЛъикIаб ахират щвезе бокьарас дунялалъул балагь-къварилъиялда сабро гьабизе ккола.




**I87. Дуца къавмалда бице МухIаммад ﷺ, Муса аварагасул заманалда рукIарал ягьудиязда ТIадегIанав Аллагьас Тавраталда гIамал гьабизе щулияб къотIи босараб заман. Гьеб къотIиги букIана гьез Тавраталда ругел шаргIиял ахIкамал гIадамазда лъазаризе ва щибго жо бахчунгутIизе. Цинги гьез Аллагьасулгун (عز وجل) гьабураб къотIи мугъалда нахъе рехун тана,** гьеб къотIи хвезабуна. Ва **Аллагьасе гьабураб къотIиги бичун цIакъ дагьаб, хIакъираб дунялалъул мал босана. ЦIакъ квешаб жо буго гьез бичун босараб**. Гьаб даранги цIакъ гьел къараб даран буго – ахираталда чIорого хутIулеб ва гIазаб тIалъулеб.

**I88. Дуда ракIалде ккоге МухIаммад ﷺ, жидеца гьабураб ишалдаса роххун ругел гьал ягьудиязул церехъаби, ва жидеца гьабичIеб гIамалалда данде гIадамаз жидее рецц гьабизе бокьунги ругел:** Дуда **ракIалдаго ккоге гьал гIадамал Аллагьасул гIазабалдаса рорчIилин ва рикIкIалъилин** абун. РорчIиларо гьел Аллагьасул гIазабалдаса. **ЦIакъ жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго гьеб къавмалъе.**

**I89. ТIадегIанав Аллагьасухъ** (عز وجل) **буго зобал-ракьазул ханлъи ва гьев Аллагь** (عز وجل) **кинабго жоялда хIал кIолев вуго.**

**I90. ХIакълъунго зобал-ракьал рижиялда жаниб, сордо-къо цоялъ цояб хисиялда жанибги Аллагь** (عز وجل) **цо букIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго гIакъло бугел гIадамазе.**

**I9I. Жидее Аллагьасул гIаламатал загьирлъулел ва гьездаса мунфагIатги босулел муъминзаби руго, жидеца кидаго Аллагь** (عز وجل) **рехсеялда тIадчIей гьабурал: рахъун чIун ругониги, гIодор чIун ругониги, бусада регун ругониги. Жидеца зобал-ракьал рижиналъул пикру гьабулел ва жидеца абулел: «Я нижер бетIергьан Аллагь** (عز وجل)**! Гьаб кинабго гIалам дуца цо хIикмат гьечIого бижун гьечIо. Нижеца мун вацIцIад гьавула Аллагь гIададасеб жо гьабулев букIиналдаса. Дуца ниж жужахIалъул гIазабалдаса цIуне» – абун.**


**I92. Я нижер бетIергьан Аллагь** (عز وجل)**! ХIакълъунго дуца жужахIалда лъугьизавурав чи цIакъ гIодовегIан гьавурав вуго. Купру-ширкалдалъун зулмо гьабурал гIадамазе квербакъи гьабулев чиги букIуларо,** гьел Аллагьасул гIазабалдаса хвасар гьаризе.

**I93. Я нижер бетIергьан Аллагь ﷺ! ХIакълъунго нижеда ргIана жинца иман лъеялде ниж ахIулев дур расул МухIаммадил ﷺ гьаракь,** Нижеда аварагас ахIулеб ргIана: **«Я гьал гIадамал! Нужеца Аллагь цо гьавун гьесда иман лъе» – абун. Нижеца гьеб ахIи ритIухъ гьабуна, аварагасе ﷺ жаваб кьун иманги лъуна. Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца нижер кIудиял мунагьал чуре**, гьел рахчун те, гIадамазда цере ниж гIодорегIан гьаричIого. **Ва нижеца гьарурал гIисинал мунагьазул ва квешал гIамалазул гIакъуба-гIазаб тIаса рехун те. Ва дуца ниж хвезаре ва ахир тIадеги рахъинаре мун жидеда разиял лъикIал муъминзабигун цадахъ.**

**I94. Я нижер бетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца нижее кье дур аварагзабазул мацIалдалъун нижее къотIи гьабураб жо:** гьеб буго Аллагьасда иман лъурал, аварагасда мутIигIлъарал гIадамазе кьезе къотIи гьабураб алжан. **Дуца ниж ахир къиямасеб къоялъ халкъалда цере гIодорегIан гьарун нечезеги гьаруге,** капурзаби нечезарулеб гIадин. ХIакълъунго мун къотIуе хилиплъуларев вуго, муъминзабазе алжан кьезе къотIи гьабуравги вуго.

Гьал аятал руго тIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) цо букIиналда тIоритIел гьабулел, гьев кинабго жо бижулев Халикъ букIин, кинабго жо хьихьулев ва гьезие ризкъи кьолев Разикъ букIин, кинабго халкъалъул тадбир гьабулев Раббул гIаламин букIин бицунел. Гьадинав бетIергьан Аллагь (**عز وجل**) жив цогояв, кинабго халкъалъ жиндие гIибадат гьабизе тIадав МагIбуд букIинги щибго щаклъи гьечIеб жо буго.

Халикъ лъазе ккани махлукъалъул пикру гьабизе ккола. Аллагьасул заталъул пикро гьаби лагъзадерида тIадаб жо гьечIо. Жинда свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго: *«Нужеца пикро гьабе халкъалъул, нужеца Халикъасул пикро гьабуге: нужеда кIоларо Аллагьасул къадроялъул букIине кколеб къадро гьабизе»–абун.*


الجزء الرابع سورة آل عمران
فَٱسْتَجَابَ لَهُمْ رَبُّهُمْ أَنِّى لَآ أُضِيعُ عَمَلَ عَٰمِلٍ مِّنكُم مِّن
ذَكَرٍ أَوْ أُنثَىٰ ۖ بَعْضُكُم مِّنۢ بَعْضٍ ۖ فَٱلَّذِينَ هَاجَرُوا۟ وَأُخْرِجُوا۟
مِن دِيَٰرِهِمْ وَأُوذُوا۟ فِى سَبِيلِى وَقَٰتَلُوا۟ وَقُتِلُوا۟ لَأُكَفِّرَنَّ
عَنْهُمْ سَيِّـَٔاتِهِمْ وَلَأُدْخِلَنَّهُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا
ٱلْأَنْهَٰرُ ثَوَابًا مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ ۗ وَٱللَّهُ عِندَهُۥ حُسْنُ ٱلثَّوَابِ ﴿١٩٥﴾
لَا يَغُرَّنَّكَ تَقَلُّبُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فِى ٱلْبِلَٰدِ ﴿١٩٦﴾ مَتَٰعٌ قَلِيلٌ
ثُمَّ مَأْوَىٰهُمْ جَهَنَّمُ ۚ وَبِئْسَ ٱلْمِهَادُ ﴿١٩٧﴾ لَٰكِنِ ٱلَّذِينَ ٱتَّقَوْا۟
رَبَّهُمْ لَهُمْ جَنَّٰتٌ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَا
نُزُلًا مِّنْ عِندِ ٱللَّهِ ۗ وَمَا عِندَ ٱللَّهِ خَيْرٌ لِّلْأَبْرَارِ ﴿١٩٨﴾ وَإِنَّ مِنْ
أَهْلِ ٱلْكِتَٰبِ لَمَن يُؤْمِنُ بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْكُمْ
وَمَآ أُنزِلَ إِلَيْهِمْ خَٰشِعِينَ لِلَّهِ لَا يَشْتَرُونَ بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ
ثَمَنًا قَلِيلًا ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ لَهُمْ أَجْرُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ
سَرِيعُ ٱلْحِسَابِ ﴿١٩٩﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ٱصْبِرُوا۟
وَصَابِرُوا۟ وَرَابِطُوا۟ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٢٠٠﴾
سورة النساء
٧٦

**I95.** Аллагьасде хIелун дугIа гьабун: «Я нижер бетIергьан Аллагь» – абун ахIулел гIадамазе Аллагьас (عز وجل) жаваб гьабула: «**Дица нужер цонигиясул лъикIаб гIамал гIадада хвезе толаро ажро-кири гьабичIого, бихьинал ругониги руччаби ругониги. Нуж цоял цоязул багIз (бутIа, кесек) руго». Жидер дин цIунун, ватIан тун гьижра гьабун къватIире арал гIадамал, мушрикаца къварилъи гьабун росабалъа къватIире рахъине гьарурал, ва Аллагьасул (عز وجل) дин сабаблъун жидее гьабураб гIемераб къварилъиги хIехьарал, баччарал. Ва Аллагьасул диналъе гIоло тущбабазда рагъ гьабурал, гьеб рагъулъ шагьидлъунги хварал: гьал киналго муъминзабазул дица мунагьал чурула, дир рахIматалдалъун дун гьазда валагьула. Гьал гIадамал дица алжаналда жанирги лъугьизарила жидеда жанисан гIорал чвахун унел. ХIакълъунго Аллагьасда (عز وجل) аскIоб буго бищунго лъикIаб ажро.** Гьебги алжан буго.

**I96. Мун гуккуге МухIаммад ﷺ ва киналго муъминзабиги гуккуге, капураб къавмалъ дунялалда гьабулеб хьвада-чIвадиялъ.**

**I97. ЦIакъ дагьаб жо буго дунялги, дунялалъул магIишатги** ахираталда ва гьениб бугеб алжан-жужахIалда данде ккун. **Ахир гьезул руссунеб бакI жагьаннама буго ва цIакъ квешаб руссунеб бакI буго гьеб жагьанамма**. Абадияб цIадул гIазаб жинда жаниб бугеб, гьелдаса рорчIизе бакI гьечIеб.


**I98. Ва амма Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун, гьесда мутIигIлъун хьвадарал гIадамазе ахираталда алжанал руго, жидеда жаниса гIорал чвахулел ва гьел муъминзаби даимго рукIинелъун алжаналда лъугьизарула. Аллагьасул рахъалъан бугеб берцинаб гьоболлъи буго гьеб ва кIодо гьариги буго. Аллагьасда (عز وجل) аскIоб бугеб ажро - кириги, хиралъи-кIодолъиги лъикIаб буго Аллагь вокьарал ва Аллагьасеги рокьарал муъминзабазе.**

**I99. Жидеда Таврат, Инжил рещтIизабурал ягьудиязул ва насраниязул цо къокъа буго камилаб хIалалъ Аллагьасда иман лъурал, нужеда рещтIинабураб Къуръаналдаги иман лъурал ва жидеда рещтIинабураб тIехьалдаги иман лъурал. Аллагьасе (عز وجل) хIелун, гIодорегIанлъун рукIунел. Аллагьасул калам бичун, гьелда данде дагьабго мухьги босуларел: Гьал гIадамал руго БетIергьанасда аскIоб жидее ажро бугел. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца хIисаб цIакъ хех гьабулев вуго.**

**200. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабиялда тIад чIун ва гьесда гIассилъиялдаса цIунун сабро гьабе. Ва нуж сабро гьабиялъулъ Аллагьасул тущбабаздаса тIокIал рукIа,** гъазават гьабулаго бачIунеб захIмалъи баччун ва рагъул къварилъаби хIехьон. **Ва нужеца исламиял ракьазул гIорхъаби цIуниялда тIадчIей гьабе,** гьенисан жанир Аллагьасул ва нужер тущбаби рачIинчIого рукIине, нагагь гьел рачIунел ругони гьезда данде чIей гьабун гъазават гьабиялда хIадурунги рукIине. **Нуж Аллагьасдасаги хIинкъа, нужее дунял-ахираталъул сагIадат, бахьибуголъи щвезе буго.**

Аллагьас нилъее насиб гьабеги гьаб сагIадат. Аллагьас нилъ жиндир диналъе квер бакъулездаса гьареги. Амин.

Сурату Аль-гIимраналъул тафсир ва таржама тIубана.




**4. Сурату Ннисаъ**

Мадинаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда лъабкъоялда анцIила анлъго аят бугеб**.**

**I. Я гьал гIадамал! Нуж БетIергьанасда (عز وجل) гIасилъизе хIинкъа, жинца нуж киналго цо напсалдаса рижарав** (нужер эмен Адамидаса (гIв)) **Аллагь вуго гьев. Цинги гьеб напсалдаса** (Адамидаса**) гьесие гьалмагъги, чIужуги йижарав. (**Нужер эбел ХIава йиго гьей). Цинги Адамидасаги ХIавадасаги гIемерал **бихьинал ва руччаби ракьалда тIад тIиритIизарурав. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа, жиндир цIаралдалъун нужеца цоцалаздаса нужер мурадал гьарулев.** Нужеца «Аллагьасул цIаралдалъун гьарулеб буго дуда абула:» – абун.

**Ва нуж хIинкъа Аллагьас (عز وجل) цоцазде гурхIел-рахIмо гьабеян гьабураб амру хвезабизеги. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужер киналго гIамалазул хал гьабулев, гьезул авал, ахир жинда лъалев вуго.**

**2. Эмен хун, нужеда божун хутIун рукIарал, ятимзабазул боцIи гьезухъе кье, гьел балугъалъараб мехалъ. Ва нужеца хIалалаб жоги кьун хIарамаб, хъубаб жо босуге: нужер хIалалаб боцIиги хIарамаблъун сверизабуге ятимзабазул боцIи кванан. Ва нужеца нужер боцIигун цадахъ гьел ятимазул боцIиги кванаге. Гьаб цIакъ кIудияб мунагь буго.**

**3. Нужеца эмен гьечIей ятиматги ячун гьелъие букIине кколеб магьари кьечIого хутIиялда ва цогидаб ритIухълъи гьабичIого хутIиялда хIинкъани, нужеца гьей ятимат ячунге, гьей цоги росасе ине те. Нужее руччаби гIемер руго, гьединлъидал нужеца нужеего лъикI бихьарал руччаби раче: кIиго йигониги, лъабго йигониги, ункъго йигониги. Гьал гIемерал руччаби рачун гьезда гьоркьоб шаргIалда рекъараб гIадло гьабизе кIоларо абун нуж хIинкъани, цо чIужу ячун чIа. Яги нужер квер маликай гъарабаш ячун чIа. Гьадин цо чIужу ячун чIей, руччабазе зулму гьабичIого букIиналда гIагараб буго.** МискинлъичIого рукIинеалъе сабаб бугоян абуна цо гIалимзабаз.


**4. Нужеца руччабазе ракI разилъун, нахъбахъичIого кье гьезие магьариде лъураб боцIи. Гьел руччабаз жалги разилъун магьариялъул цо къадар хIалал гьабун тани, гьеб нужеца кванай хIалалаб, бацIцIадаб бугеб хIалалъ. Нужеда гьелъул щибго хIакъ гьечIо.**

**5. Нужеца ахIмакъал гIадамазухъе кьоге Аллагьас нужеда божилъи гьабураб ва нужер ризкъилъун гьабураб магIишат. Нужеца гьезие квенги кье, ретIел-хьитги кье ва гьездехун берцинаб рагIиги бице. БалугъалъизегIан ятимазул боцIи гьезухъе кьоге. Балугъалъун хадубги жудер гIакъло камилаб** гьечIони ва жудеца боцIи гIадада хвезабулеб бугони, цингиги гьезухъе боцIи кьоге. Гьаб аяталъул цоги магIна гьабуна нужеца боцIи-мал кьоге жеги гIакълу-тадбиралда рахичIел нужер руччабазухъ ва лъималазухъ абун.

Гьаб аяталъул магIна буго: балугъалъизегIан ятимазул боцIи гьезухъе кьоге. Балугъалъун хадубги жудер гIакъло камилаб гьечIони ва жидеца боцIи гIадада хвезабулеб бугони, цингиги гьезухъе боцIи кьоге. Нужеца гьезие къваригIунеб квен, ретIел ва цогидабги жо кье. Нагагь жидер боцIи жидехъе кьеян гьез абулеб бугони, гьезда берцинаб рагIи бицун бичIчIинабе гьезухъе боцIи кьезе букIин гьеб боцIи берцинго хIалтIинабизе кIолел ва лъалел лъугьараб мехалъ абун.

**6. Нужеда аскIор ругел ятимазул хIалбихьиги гьабе гьел балугъалъиялде рахараб мехалъ. Гьезул гIакълуги бугин, жидедаго магIишат гьабизеги кIолин абун нужер ракI чIани, гьезул боцIи гьезухъе кье. Нужеца ятимазул боцIи кванаге исрап гьабун ва хехлъи гьабун.** Нужер

бечедав чи гьел ятимал хьихьана абун ужра-мухьалъе гьезул боцIи босиялдаса цIунун чIа. **Пакъирав чи ятимазул вассилъун ва валилъун вугони жиндир чара гьечIеб къадар босе ятимазул боцIиялдаса. Цинги ятимал балугъалъун, гьезухъе боцIи кьолеб мехалъ нугIзалги аскIор чIезарун кье гьезухъе боцIи. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гIезе вуго нугIлъунги жинца хIисаб гьабулевлъунги.**




**7. Бихьиназе бутIа буго эбел-эмен ва гIагарал чагIи хун нахътараб боцIиялдаса. Гьединго руччабазеги бутIа буго эбел-эмен ва гIагарал чагIи хун нахътараб боцIиялдаса. Дагьаб букIа гьеб боцIи, яги гIемераб букIа, гьаб хIукмуялъулъ щибго батIалъи гьечIого гьезул щивасе Аллагьас (عز وجل) бихьинабураб бутIа буго.**

**8. Гьаб ирс бикьунеб бакIалда жидее ирсалдаса бутIа щоларел мискинал, пакъирал гIадамал рачIараб мехалъ, гьезие хварав чияс нахъе тараб боцIиялдаса щиб букIаниги жо кье, ва гьезда берцинаб рагIиги бице.** Гьаб боцIи ирсалъе бикьие кколеб бугин ва гьеб ирс босулел гIисинал лъимал ругин абе.

Гьаб ирс гьабулеб бакIалда рачIарал гIагарал, мискинал-пакъирал гIадамазе жо кье абураб рагIи хадур рачIарал ирсалъул аятаз насху гьабураб (хIукмо хвезабураб) бугоян абуна гIемерисел гIалимзабаз ва ункъавго имамас. Киннги, гIемераб боцIиги бугони, гьеб бикьулеб бакIалда балагьун мискинал, пакъирал чагIиги ругони, дагьаб жо кьун гьезул ракI бохизаби рекъараб бугин абуна Ибнукасирица

**9. Вассизабилъун ругел гIадамал хIинкъа абе гьезда божун хутIарал ятимазул боцIи-малалъе хиянат гьабизе. Гьезда ракIалде щва, ва гьез пикру гьабе абе жалги хун хадуб хутIарал жидер гIисинал лъималазул хIал киндай букIина абун. Гьал вассизаби Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа ва гьез битIараб рагIиги бице,** жидерго лъималазда малъулеб лъикIаб жо малъун, гурхIел - цIобалдалъун гьел ятимазе тарбияги гьабе.

**I0. ХIакълъунго шаргIияб гIиллаги гьечIого ятимзабазул боцIи кваналел гIадамал, жидеца цIа кваналел гIадамал руго, къиямасеб къоялъ жидер чохьониб гьалдолеб букIине бугеб. Ва гьел жужахIалъул цIадаре лъугьинаризе руго.** Ятимазул боцIи кваназе бегьулел бакIал руго гьел ятимазе маслахIат бугеб жо гьабун гьезул боцIи жидералдаго жубазабун кваналеб бугони.

**II. Аллагьас (عز وجل) нужеда васият гьабулеб буго нужер лъималазул хIакъалъулъ** гьезие ирс гьабе абун, битIараб, шаргIалда бихьизабураб хIалалъ: **васалги ясалги ругони жив хун жиндир боцIи ирсалъе бикьулев чиясул васасе кIиго бутIа, ясалъе цо бутIа кье.**

**Хварав чиясул вас гьечIого кIиго, яги гьелдаса гIемерал ясал ругони, гьезие магIишаталъул лъабго бутIаги гьабун кIиго бутIа кьола**.

**Хварав чиясул цохIо яс йигони, гьелъие боцIиялъул бащадаб кьола. Хварав чиясул эбел-эмен ругони ва лъимерги бугони, цинги эбелалъе ва инсуе щивасе боцIиялъул анлъго бутIаги гьабун цо-цо бутIа кьола.** Масала: хварасул цо васги эбелги-эменги ругони, боцIиялъул анлъго бутIа гьабула, цинги цо эбелалъе, цо инсуе, хутIараб ункъго бутIа васасе кьола.


**Хварасул лъимер гьечIони ва ирс босулел эбел ва эмен ругони, эбелалъе боцIул лъабго бутIа гьабун цо бутIа кьола.** ХутIараб кIиго бутIа инсуе кьола. **Хварав чиясул вацал, яги яцал ругони, цинги эбелалъе анлъго бутIа гьабун цо бутIа кьола.**

**Гьаб цебехун бицараб хIалалъ ирс гьабула хварав чиясда тIад бугеб Аллагьасул, ва гIадамазул налъи тIубан хадуб, ва гьес гьабун тараб васиятги тIубан хадуб.**

Аллагьасе бугеб налъи букIуна: закат жиб бахъичIого хутIараб, паризояб хIаж жинда тIалъараб, жинца назро гьабураб жо ва цогидаб. ГIадамазул налъи гIемер батIи-батIияб сабабалдалъун букIуна ва щиб сабаб бугониги инсанасе бугеб налъиги кьезе ккола.

**ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъикI лъала нужер лъималищ ругел, яги эбел-эменищ ругел нужее мунпагIат бугел, нужеда гьеб лъаларо.** Гьадин бугелъул Аллагьас жинцаго мухIкан гьабун бицана ирс кьолеб къагIида ва нужеда тIамун тIечIо гьаб иш.

**ХIакъалъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев, жиндир кинабго тадбиралъулъ хIакимияв вуго.**




**I2. Нужее**, (россабазе) **руччаби хун нахъе хутIараб боцIиялъул бащалъи буго, гьел руччабазул лъимер гьечIони.** Нужее гьабураб, яги цогидав росасе ун гьесие гьабун букIараб. **Гьел руччабазул лъимер бугони, нужее гьез нахъе тараб боцIиялъул ункъго бутIа гьабун цо бутIа буго. Гьаб ирс гьабиги хварай чIужуялъул налъи ва васият тIубан хадуб буго.**

**Гьел руччабазеги нужеца нахъе тараб боцIиялъул ункъго бутIа гьабун цо бутIа буго:** цо чIужу йигониги, гIемерал ругониги гьаб ункъго бутIа гьабун цо бутIа буго гьезие нужер лъимер гьечIони. **Нужер лъимер бугони гьел руччабазе нуж хун нахе хутIараб боцIиялъул микьго бутIа гьабун цо бутIа буго. Гьаб ирсги нужер налъи ва васият тIубан хадуб буго.**

**Цо чи, яги цо чIужугIадан хун, гьезул эбел-эмен, яги лъимер нахъе гьечIого ирс гьабулеб бугони ва гьев хварасул эбелдахъан цо вац, яги яц йигони, гьазие хварав чияс нахъе тараб боцIиялъул анлъго бутIа гьабун цо бутIа кьола. Эбелдахъа вац-яц кIиго яги гIемерал ругони, гьезие хварас нахъе тараб боцIи-малалъул лъабго бутIа гьабун цо бутIа кьола ва гьеб гьезда гьоркьоб бащад бикьула.** Вацасе кIиго бутIа кьоларо. **Гьаб ирс гьабиги хварасул васият ва налъи тIубан хадуб букIина. Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб амру буго гьаб ирсалъул хIукму ва тIадегIанав Аллагь нужее маслахIат бугеб жо лъалев ва нужеда цIакъ гурхIулев вуго.**

Васият тIубайги хварас нахъе тараб магIишаталъул лъабго бутIаги гьабун цо бутIаялдаса букIуна, гьес васият гьабураб жо гIемераб бугони.


**I3. Гьал церехун рицарал ирсалъул масъалаби Аллагьас нужее рихьинарурал гIорхъаби руго.** нужеца гьезда гIамал гьабизе ва гьел гIорхъаби хвезарун, хIарамаб хIалалъ хварав чиясул боцIи кваначIого букIине. **Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул расуласда ﷺ мутIигIлъарав чи жаниса гIорал хьвадулел алжаназда жанив лъугьинавула, даимго гьенив вукIунеллъун. Гьаб ахираталда Аллагь (عز وجل) разилъи ва алжаналда лъугьин буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда кверщел батин**. Гьаб буго инсанас тIалаб гьабизе кколеб жо.

**I4. Ва амма Аллагьасдаги (عز وجل), гьесул расуласдаги ﷺ гIассилъарав чи,** гьезул нухги хвезабурав ва гIорхъабиги цIуничIев, **гьав чи Аллагьас (عز وجل) жужахIалда лъугьинавула даимго гьенив вукIинелъун, гьесие жужахIалда жаниб жив гIодовегIан ва инжит гьабулеб гIазабги букIуна.** Гьаб гIазаб гьабиялъе гIилла буго гьев чияс Аллагьасул хIукму хисизабун букIин ва гьелда данде чIун вукIин.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда буго: *«Цо чияс яги цо чIужуялъ лъабкъого соналъ иман лъун лъикIаб гIамал гьабула. Цинги гьел хвалде гIагарлъидалго гьез шаргIалда данде кколаре васият гьабун варисзабазе зарал гьабула, гьелдалъун гьезие жужахIги тIалъула»* - абун. Аллагьас (**عز وجل**) нилълъ цIунаги гьадинаб ахир ккеялдаса.

Жагьилияб заманалъ гIарабиязул гIадат букIана ясалазе ирс кьолареб, гIисинал лъималазеги кьолароан. Гьез абулеб букIана: «гьал руго нилъер къавмалдаса тущман нахъчIвазе щибго кумек гьабуларел» - абун. Гьединго чIужуялъеги ирс кьолароан. Гьадинаб жагьилияб гIадатги хвезабун жинда жаниб БетIергьанасул хIикмат бугеб ва гIадамазе мунфагIат бугеб хIалалъ ирс гьабизе малъана Аллагьас (عز وجل) исламияб дин босун авараг ﷺ витIун хадуб.

Гьал ирсалъул масъалаби гIалимзабадаги цIехон, гьелгун цадахъ гьаризе ккола. Ирс гьабиги гIадамаз кIвар гьабичIого тараб шаргIияб хIукму буго. Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабаз гьаб иш кIвар гьечIого тезе бегьуларо ва жидер гIагарав чи хвараб мехахъ гьесул магIишат щвезе кколел ирсилазухъе щвезабизе ккела.




**I5. Нужер руччабазул цоялъ зина гьабуни, гьеб зина гьабиялъе ункъго нугI чIезаве,** бусурманал, хIуриял, гIадилал. **Гьадинав ункъго чияс нугIлъи гьабуни нужеца гьел руччаби рукъор жанир ккун чIезаре** (къватIир риччаге) **Аллагьасул гIажал тIаде щун жал хвезегIан, яги Аллагьас гьезие цоги хIукму гьабинегIан.** Гьаб хIукму букIана исламалъул авалалда. Цинги сурату-Ннур рещтIинабуна ва зиначагIазул хIукму гьаниб баян гьабуна: гIолилаз зина гьабуни, гьезул щивасда нусго тIил кьабула ва цо лъагIелалъ ватIаналдаса къватIир ритIула. Цо нухалъ шаргIияб магьари лъун росс-лъадилъун лъугьун цоцада аскIор регарал гIадамаз зина гьабуни гьал чIимих речIчIун чIвала. Цоял гIолилал, цоял магьари лъурал ругони, щивасе жиндир хIукму гьабула.


**I6. Нужедаса гьеб къабихIаб пиша гьабурал гIадамал:** зина бугониги, ливатI бугониги (бихьинчиясул яги чIужугIаданалъул нахъияб рахъалда жимагI гьаби), **нужеца гьезие рухун, кьабун, рогьоб бан гIакъуба гьабе. Цинги гьел тавбо гьабун квешаб гIамалалдаса руссани, нужеца гьезие къварилъи гьабуге. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) тавбо къабул гьабулев ва лагъзадерида гурхIулев вуго**. Гьаб аяталъул хIукмуги насхо гьабураб буго сурату - Ннуралъул аятаз. Жидеца ливатI гьабурал гIадамазул жинца ливатI гьабурав гIолилав вугони нусго тIил кьабула ва лъагIелалъ ватIаналдаса къватIив витIула, магьари лъун чIужу ячарав вугони, чIимих речIчIун чIвала. Жинда ливатI гьабурасул хIукму цо буго: нусго тIил кьаби ва ватIаналдаса къватIиве къотIи. Жиндир хIалалай чIужу гурей чIужугIаданалда ливатI гьабиялъул хIукму бихьинчиясда гьабиялъул гIадаб буго. Жиндир чIужуялъе ливатI гьаби шаргIалъ хIарам гьабураб къабихIаб пиша буго, амма гьезие гьаб хIад гьаби (чIимих речIу чIвай) тIалъуларо.

**I7. Аллагьас къабул гьабулеб тавбо букIуна сагьвиллъун, жагьиллъун квешаб гIамал гьабурал, цинги хеккого жал рекIекълъун, гьеб гIамалалдаса тавбо гьабурал муъминзабазул. Гьал гIадамазул тавбо Аллагьас (عز وجل) къабул гьабула. ХIакълъунго Аллагь жиндир лагъзадерил гIамал лъалев ва гьезие гьабулеб хIукмуялъулъ хIакимияв вуго, гIадилав вуго.**

**I8. Аллагьас къабул гьабулеб гьечIо жидеца гIумруялъ квешал гIамалал гьарурал, Аллагьасда (عز وجل) гIассилъунги рукIарал, цинги хвел тIад щвараблъи лъараб мехалъ «гьанже дица тавбо гьабунаян» -абун гьабулеб тавбо.** Гьаб буго рес къотIараб мехалъ, жив ворчIуларе бакIалде ккараб мехалъ гьабураб тавбо. **Тавбоги гьабичIого, куфру-ширкалда рукIун хвалда гIагарлъун, хвел тIаде щвей лъараб мехалъ гьабураб тавбоги иман лъейиги къабул гьабуларо. Дица ахираталда гьал гIадамазе гьезие цIакъ унтизабулеб гIазаб хIадурун буго.**

**I9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужее хIалалаб гьечIо жагьилияб заманалъул гIадаталда рекъон руччаби ирсалъе росизе,** гьезда хIал гьабун ва гьезул ихтиярал хвезарун.

**Нужеца гьел руччаби цоги росасе инзеги гьукъуге, нужее къваригIун гьечIониги цIар тIамичIого тун. Ва гьезие къварилъиги гьабуге, жудер магьари яги цоги боцIи нужееги тун, хулгI гьабун, гьез нужедаса хвасарлъи тIалаб гьабулеб хIалалъ. Руччабазе къварилъи гьабизе бегьула гьел руччабаз баянго къабихIаб гIамал гьабураб мехалъ: зина гьаби гIадаб. Нужеца руччабазулгун гьабулеб цадахъаб гIумруялъулъ гьездехун лъикIаб гьалмагълъи гьабе.** Берцинаб ргIи бицун, хIалимаб, хIеренаб гIамал гьабун. Напакъа, ретIел, ва цогидабги гьезие кьезе кколеб хIакъ хехго ва лъикIаб кьун. **Нужеда гьел руччабазул цо-цо гIамал рихун бугони гьелдаги сабро гьабе ва гьезие гьабулеб лъикIлъи гьоркьоса къотIинабуге. Аллагьас (عز وجل) цо нужее рихараб жоялда жаниб гIемераб лъикIлъи гьабизе бегьула.**




**20. Нужее бокьун бугони цо чIужу йиччазе ва гьелъул бакIалда цоги чIужу ячине ва жий нахъ йиччалей чIужуялъе нужеца гIемераб боцIи магьариде кьун букIун батани, нужеца гьеб боцIиялдаса щибго жо нахъе босуге. Гьеб букIуна кIудияб мунагьлъун ва гьереси.** Гьей гIадан гуккиналда релъун буго гьелъие магьариде лъураб жо нахъе тIалаб гьаби.

**2I. Кин нужеца гьеб боцIи нахъ босулеб, мун гьей чIужугун цадахъ вегунги вукIадго ва гьел руччабаца нужедаса щулияб къотIиги босун букIадго.** Нужеца гьел берцинго, шаргIалда рекьон хьихьизе къотIи гьабун, гьедин хьихьизе кIолеб гьечIони гьезие щибго къварилъи гьабичIого нахъ риччазе къотIи гьабун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«нужеца цоцазде амру- васият гьабе руччабазе лъикIлъи гьабиялдалъун. ХIакълъунго нужеца гьел рачана Аллагьасул аманаталдалъун (нужеда божизарун), ва гьел нужее хIалалги гьаруна Аллагьасул ﷺ амруялдалъун магьариги кьун»*- абун.

Руччабаца росасе унаго гIемераб боцIи магьариде кьейи тIалаб гьаби шаргIалда беццараб гьечIо. Магьариде лъураб боцIи гьезие къечIого чIейги шаргIалда хIарамаб буго. ГIемерал россал руго магьариде лъураб боцIи чIужуялъе кьоларел, яги цIакъго дагьаб жо (лъабго гъуруш) магьариде лъолел. Гьабги шаргIалда хIарамаб буго.

**22. Нужеца чIужулъун ячунге нужер инсул рукIарал руччаби. Жагьилияб заманалъ гьабун букIараб жо тIасса лъугьун тола. Гьеб инсул йикIарай чIужу ячин цIакъ сурукъаб жо буго, ва Аллагьасул ццин бахъунебги буго, ва инсан жиндилъ лъугьунеб цIакъ квешаб нух буго.** цIакъ нич тIагIарав, чорхолъ инсанасул тIабигIаталго гьечIев, хIайван махIав чияс гурони гьединаб жо гьабуларо. Инсуда гъокь йикIарай чIужу шаргIалда гьезул эбелалда релъулъун йикIуна ва гьелда квер хъван какие чуриги бихуларо. Гьелда аскIов лъугьарав чиги жив гьавурай эбелалда аскIов лъугьарасда релъун вукIина.

**23. Нужее руччабилъун рачине хIарам гьаруна нужер улбул:** жудеца нуж гьарурал ва гьел улбузул эбелалги, инсул улбулги. **Ва нужер ясалги.** Нужер ясазул ясалги, васазул ясалги. **Ва нужер яцалги, нужер эисул яццалги, нужер эбелалъул яццалги, ва нужер вацасул ясалги нужер яцалъул ясалги. Ва нуж хахизарурал улбулги хIарамлъула ва рахьдал яцалги хIарамлъула.** Гьединго хахиялъул рахъалъан хIарамлъула насабалъул рахъалъан хIарамлъулел киналго руччабиги. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Хахиялдалъун хIарамлъула насабалдалъун хIарамлъулел руччаби»*–абун.

**Гьединго нужее хIарамлъула нужер руччабазул улбулги.** ЦохIо ясалда магьари лъеялдалъун, гьелда аскIов къачIого ратIалъаниги, гьей ясалъул эбел хIарамлъула. **Нужер руччабазул цогидазе гьарурал ясалги хIарамлъула, нужер рукъор хьихьулел.** Гьас ячинелде ццее гьаюрай, гьас ятIа гьаюн хадуй цогидасе ун гьаюрайги. Рукъор хьихьун гьечIониги хIарамлъула руччабазул ясал, нужеца


гьел руччабазда магьари лъун аскIор регун ругони. Магьари лъун, амма аскIов вегичIого гьей чIужу ятIа гьаюни гьелъул цогидасе гьаюрай яс хIарамлъуларо чIужулъун ячине.

**Нужер наслабазул васаз рачун рукIарал руччабиги хIарамлъула нужее.** Ай нужерго васас ячун йкIарай чIужу хIарамлъуа ячине. **КIиго яц чIужулъун ячинеги хIарамаб буго. Жагьилияб заманалъ букIараб жо Аллагьас (عز وجل) тIаса лъугьун тола. ХIакъалъунго Аллагь (عز وجل) жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.** Гьадинаб ригьин бугев чи исламалда вачIани, гьес цояй нахъ йиччазе ккола. КIиго яц цадахъ чIужулъун йикIине бегьуларе гIадин, чIужуялъул эбелалъул яц, инсул яцги бегьуларо гьелда цадахъ чIужулъун рукIине, гьелъул вацасул яс, яцалъул ясги бегьуларо.

==========

Абугьурайратидаса (ра) цоги хIадис бицана:

Аварагас абуна, Аллагьасул свалат салам лъеяв: ***Муъминчиясдаса ва муъминчIужуялдаса къварилъи тIаса унаро: напсалъулъ, лъималазулъ, боцIи-малалъулъ букIунеб, гьел кIиялго къиямасеб къоялъ бетIергьанасда цIере мунагьаздаса рацIцIадаллъун чIезегIан.*** Ай муъминзабада бачIунеб къварилъи гьезул мунагьал чуризе сабаблъун букIуна.




**24. Ва росасда ругел руччабиги хIарамлъула нужеца рачине. Нуж Аллагьасул тущбабазда рагъула рукIун асир гьарурал капуразул руччаби хIарамлъуларо. Гьаб цебехун бицараб жо Аллагьас (عز وجل) нужее гьабураб хIукму буго, ригьин гьабизе хIарамал руччаби рицун. Гьал гурел цогидал руччаби Аллагьас (عز وجل) нужее хIалал гьаруна нужее гьел рачине бокьани, гьезие магьариде боцIиги кьун, шаргIалда рекъараб хIалалъ гьезулгун гIумру гьабизе ва хIарамаб зина гьабуллелъун рукIунгутIине. Нужер гьава-напсалъул мурад тIубан, гьел руччабаздаса нужеца мунпагIат босулеб бугеб гIадин, гьезие кьезе къотIи гьабураб магьариги кье, Аллагьас (عز وجل) нужеда тIад паризаяблъун гьабураб. Нужеца руччабазе магьариде кьезе бугеб боцIи бицун ва нуж кIиялго гьелда рекъон хадуб чIужуялъ гьеб магьариялдаса цо бутIа тIаса лъугьун нужее тани, гьелъул нужее щибго мунагь-хIакъ гьечIо. ХIакъалъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) лагьзадерил маслахIатал лъалев вуго ва гьезие гьарулел хIукмабазулъ хIакимияв вуго.**

**25. Нужедаса муъминал, хIуриял, руччаби рачине хIал кIоларел муъминзабазе бегьула цогидав чиясул иман лъурайлъун йигей гъарабаш ячине. Нужер ракIазулъ бугеб иман Алагьасда ﷻ лъала. Киналго гIадамал цохIо насло-тухум буго: Адамил лъимал руго. Гьал гъарабашал нужеца раче гьезул сайидасдаса изноги тIалаб гьабун ва гIадат билъараб боцIиги магьариде льун. Гъарабашал раче жал рацIцIадал ва зина-хъатIа гьабиялъул хабар баккичIел. Ва жидеца балъго зина гьабулев гьудулги ккевчIел.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: гьаб аяталда жаниб Аллагьас нагью гьабулеб буго зина-хъатIа гIадал къабихIал пишабаздаса «загьирго гьарулел ва балъго гьарулелги»-абун.

ГIалимзабаз абуна: «МусафихIатин» абураб ргIиялдаса мурад буго жидеца загьирго зина гьабулел ва жидеда аскIов щив чи лъугьаниги гьев нахъ чIваларел абураб. «Муттахизати ахдан» абураб ргIиялдаса мурад буго жидеца зина гьабизе цо гьудулги ккун рос-лъади ругел гIадин зинаялда рукIунел абураб.

Гьаб нилъер заманаялъ бусурманал руччабаз гьабулеб хьвада-чIвади жагьилаб заманалъул гъарабашазулалдасаги гIорхъолъан борчIараб буго. Жидер черхалъул цIикIкIарасеб рахъги ратIлидаса

гIицIцI гьабун, Аллагьас (عز وجل) бижараб гьумер- кIалалъул сипатги хисизабун, щибго Аллагьасдаса, яги гIадамаздасаги нечечIого, жудер вализабиги хIакъир гьарун, хьвадулел руго.


**Гъарабаш росасе ун хадуб гьелъ зина гьабураб мехалъ, гьелда хIад кьабула муъминал, хIуриял руччабазда кьабулеб хIадалъул бащадаб.** (КIикъоялда анцIго тIил кьабула ва башадаб лъагIелалъ ватIаналдаса къватIир ритIула). **Гъарабащал рачине хIалал гьабуна, хIурияй ячине рес гьечIого зина ккеялдаса хIинкъарав чиясе. Амма нужеда сабро гьабизе кIвани: зинаялдаса напс цIунизе кIвани гъарабашалги рачинчIого, гьеб нужее лъикI буго. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчулев, лагъзадерида гурхIулев буго.**

**26. ТIадегIанав Аллагьасе бокьула жинца нужее баян гьабизе нужее диналъул ва дунялалъул маслахIат бугеб кинабго амру, ва нужги тIоритIизе нужеда церехун рукIарал аварагзабазул ва лъикIал муъминзабазул нухалда. Ва Аллагьасе (عز وجل) бокьула нужеца мунагьаздаса тавбо гьабизе, ва жинца гьеб тавбоги къабул гьабула. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) лагъзадерил киналго ахIвалал лъалев буго, ва гьезие лъолеб шаргIияб нухалъулъ хIакимияв буго.**

==========

Жив кIиясдаго Аллагь разилъаял ГIали асхIабасул вас ХIасанидаса хIадис бицана: ***«Дица Аллагьасул расуласул ﷺ хIадис рекIелъе цIунана: «Дуца мун шакдаризе гьавулеб жо жибго те щаклъи гьечIеб жоги гьабун. ХIакълъунго ритIухълъи напс хIалхьей буго ва гьереси щакдари буго»-*** абун абураб.

Жиндилъ шаклъи бугеб жоги тун якъинго хIалалаб жо тIалаб гьабизе ахIулел руго гьаб хIадисалъ. Шубгьаял (жиделъ щаклъи бугел) жал тарав чи жиндир динги напсги цIунарав чи буго. ХIалалаб, бацIадаб жоялъулъ ва ритIухълъиялъулъ бахIарчилъиги жиндир напс къадро бугеб букIинги, гIадамазул божилъи бугев вукIинги буго. Гьереси ва хиянат гьев чи гIодогIан гьавулеб, гьев хIинкъарав, загIипав гьавулеб ва гьесдаса гIадамазул божилъи хвезабулеб жо буго.




**27. ТIадегIанав Аллагь нужеца тавбо гьабизе бокьулев буго, ва амма жал къосарал, гьава-нафсалда нахъ рилъарал гIадамазе бокьула нуж хIакъаб нухалдаса руссине,** ва гьездаго релълъарал фасикъзаби, зиначагIи, зулмучагIилъун рукIине.

**28. Аллагьасе бокьула нужеда тIад бигьаял шаргIиял ахIкамал лъезе, ва хIалкIвечIеб жо гьабичIин абун нужее гIакъуба гьабуларо. Инсанасул вижинго загIипаб буго:** жиндир гьава напсалда данде чIезе кIоларев, шайтIаналъ гуккулев, шагьваташ гIакъло инабулев, руччабазда аскIов ккедал гьезул хIилла ва сихIро лъачIого жив къосун кколев.Инсан гьединав загIипав вижун вугелъул ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьал церехун арал аятазулъ такрар гьабун чамго нухалъ тавбо гьабиялъул бицана ва жив гурхIулев, тавбо къабул гьабулев вукIинги бицана. Мунагь-хатIа кколарев чи вукIунаро аварагзаби гурел. ГIакъилав чияс жиндир гIамалалъул хIисаб гьабула шибаб гIужалъ. Ва гьава-напсалда, шайтIаналда кьеркьолевлъун вукIуна, ккарал мунагьазда ракI бухIун тавбо гьабулевги вукIуна. АхIмакъав чи жиндир гьава-напсалда нахъвилълъун, шайтIаналъ гуккун, кинабго жинца гьабулеб гIамал жинда берцин бихьун вукIуна: гьасда Аллагьги ракIалда щоларо, жинца тавбоги гьабуларо. Ахираталда Аллагьасда гьев чиги ракIалде щоларо ва гьев абадияб жужахIалъул гIазабалъулъ хутIула.

**29. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца цояз цоязул боцIи кванаге шаргIияб нух гьечIого; нуж кIиялго разилъун гьабураб даран букIуна нужеца хIалалаб хIалалда боцIи кваналеб нухлъун. Ва нужеца цояз цоялги чIваге. Цо-цазда кьабун ругъналги гьаруге. ХIакълъунго**

**Аллагь (عز وجل) нужеда гурхIулев вуго, ва нужер дунялалъеги ахираталъеги лъикIаб жо нужеда малъулев вуго.**

**30. Гьаб нужеда гьабугеян абураб жо гьабулев чи, жинда гьеб хIарамаб букIин лъалаги букIун, Дица гьев чи ахираталда цIакъ боркьараб жужахIалъуве лъугьинавила, ва гьеб Аллагьасе ( عز وجل) цIакъ бигьаго гьабизе кIолеб жо буго.**


**3I. Нуж Аллагьас (عز وجل) хIарам гьабураб жо гьабун кIудияб мунагь гьабиялдаса рикIкIалъун, цIунун чIани, Дица нужер гIисинал мунагьал рахчун тела, жиндир цIоб-рахIматалдалъун. Ва Дица нуж берцинаб, лъикIаб бакIалде лъугьинарила** - гьеб бакIги алжан буго.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасида гьикъана: «КIудиял мунагьал анкьгойищ ругел» абун. ИбнугIаббасацца (ра) абуна: «КIудиял мунагьал анкьго рукIиналдаса анкьнусго рукIиналда гIагарал руго (ай гIемерал руго). Ва амма тавбо гьабун, Аллагьасда (**عز وجل**) гьарун, мунагьал рахчи тIалаб гьабулев чиясул мунагь кIудияб букIунаро, ва жинда тIад чIараб мехалъ цониги мунагь гьитIинабги букIунаро»-бун. Ай мунагь букIинги лъалебги букIадго гьитIинаб мунагь гьабулев вугони, гьеб кIудияб мунагьалда сверула.

Цоги жинда Аллагь ризалъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Кинабниги жиндилъ Аллагьасде гIасилъи бугеб жо кIудияб мунагь буго»-абун. Гьаб рагIиялъул магIна буго: бокьун, лъан Аллагьасде гIасилъи абураб. ХатIалъун, гъалатIлъун, гъапуллъун, жинда лъачIого ккараб гIасилъи Аллагь (**عز وجل**) тIаса лъугьунеб букIуна.

**32. Нужеца хьул халат гьабуге, ва хIалхъублъи гьабуге Аллагьас (عز وجل) нужер цоял цогидаздаса тIокI гьарун рукIиналда. Бихьиназе жидеца гьабураб гIамалалъул кири ажро букIине буго.** Жигьад гьабиялъул, хъизан - рукъалъул тIалаб ва тарбия гьабиялъул. **Руччабазеги жидеца гьабураб гIамалалъул кири букIине буго:** росазе мутIигIлъиялъул, къабихIаб пиша гьабичIого теялдалъун жидер къадро цIуниялъул. **Нужеца Аллагьасда (عز وجل) гьаре нужее камилаб иманги хIалалаб боцIиги кье абун, Аллагь цIакъ сахаватав вуго ва жинца гьарараб жо кьолевги вуго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев вуго.**

**33. Щивав инсанасе гьезул ирс босулел гIагарал чагIи гьаруна Аллагьас (عز وجل): эбел-имсул ва цогидал гIагарал гIадамазул ирс босулел. Жагьилияб заманалъ къотIи гьабун ва гьа гьедун рукIарал гIадамазе гьезие кколеб бутIа кье.** Гьаб хIукму исламалъул авалалда букIана, цинги ирсалъул аятал рештIинарун насхо гьабуна. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев вуго. Кинабго ишалъе нугIлъун вугевги вуго гьев Аллагь.**




**34. Бихьинал руччабазул милат гьабулел руго, Аллагьас цоял цогидаздаса тIокI гьарун рукIиналъ:** гьезие жидер боцIудаса напакъа кьеялъулъ, гьезда амру - нагью гьабиялъулъ, ва кинабго гьезие маслахIат бугеб жо гьабиялъулъ. **ЛъикIал руччаби руго Аллагьасда мутIигIал**, хадуб жидер росазеги мутIигIлъарал, жидеда тIад ругел хIукъукъалги тIубалел: **жидерго напс къабихIаб пишаялдаса цIунулел, гьезда божилъи гьабураб рукъалъул магIишатги цIунулел.** рос-лъадиялда гьоргьоб бугеб жинсияб ва цогидаб балъголъи цIунун гьеб къватIибги бицунарел.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго: *«къиямасеб къоялъ Аллагьасда аскIор чIолеб бакIалъул рухъалъан гIадамазул бищунго квешал руго* (ай щибго жидее къадро-къимат гьечIел руго) *жал цо-цазда аскIор регулел, цинги жидер напсиял балъголъаби къватIир рицулел рос-лъади. Гьел гIадамал цIакъ ахIмакьал гIадамал руго»*- абун. Гьезул мисал буго тIасан ретIелги бахъун жиндир чIужу, яги рос гIадамазда цеве вахъун чIезавиялда релъгьараб.

**Нужее мутIигIлъиялдаса руччаби рахъиналда хIинкъараб мехалъ, гьезда берцинаб вагIза-насихIат гьабун, гьез гьабулеб гIамал квешаб букIин бице**, ва гьел лъикIаб рахъалда рачине яхI бахъе. **ВагIзаялъ мунпагIат гьабулеб гьечIони, дагьаб заманаялъ гьездахун махсаро гьабичIого, жимагI гьабичIого, хабар бицинчIого те.** Цинги гьел руччаби мутIигIлъулел гьечIони ва квешаб гIамалги толеб гьечIони, гьезда кьабе: гьумералда кьабичIого, ва квеш кьабичIого. **Нужее руччаби мутIигIлъун ругеб мехалъ нужеца нухал балагьуге гьезие къварилъи гьабизе. ХIакъалъунго Аллагь (عز وجل) ТIадегIанав ва КIудияв вуго.**


Аллагь (عز وجل) гьел руччабазул вали (БетIергьан) вуго ва жиндир лагъзадерие зулму гьабураздаса жинца ццим босулев вуго. Рос чIужуялдаса къуватав, гьелъие зулму гьабизе кIолев вугониги Аллагьасул къуват-гуч цIакъго кIудияб буго, ва загIипал, жидее зулму гьабурал гIадамазе жинца квер бакьулев, ва гьезие рецIел босулев вуго.

**35.** Рос-лъади цо-цалъ къацандун, цо-цазде тушманлъи ккун лъугьани, **ва гьезда гьоркьоб питна ккеялда нужер хIинкъи бугони, нужеца цо чи витIе чIужуялъул рахъалъан,** гьелъул рахъ хал гьабулев ва гьелъие квербакъулев, **цо чи росасул рахъалъанги витIе** гьесул рахъалда вукIунев. **Гьел рос-лъадиялъе цо-цазде рекъезе бокьани ва Аллагьасул (عز وجل) амруялдаги мутIигIлъулел ругони, гьав кIиявго чи гьоркьов лъугьиналъул баракат букIуна**. Ва гьал сабаблъун ккун, Аллагьас рос-лъади цо-цаде рекъезарила. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинца гьабулеб хIукмуялъул маслахIат лъалев вуго ва гьеб хIукмуялда хадур рачIунел умуралги жинда лъалев вуго.**

**36. Нужеца Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабе ва гьеб гIибадат гьабиялъулъ щибго жо гIахьал гьабуге. Нужеца эбел-имсуе лъикIлъи гьабе, ва гьеб лъикIлъи гьабеян абун цо-цалазда васиятги гьабе. ГIагарал гIадамазе, мискин-пакъиразе ва ятимзабазе лъикIлъи гьабе. ГIагарав мадугьаласе, ва гIагарав гьечIев мадугьаласеги лъикIлъи гьабе. Дур хьолбохъ вугев гьалмагъасеги лъикIлъи гьабе. Сапаралда цадахъ ккарав,** гIелму цIалулаго цадахъ вугев, ва цоги шиб сабаб бугониги, дур гьалмагълъи ккарав чиясе лъикIлъи гьабе ва гьев кIочонге. **жив гьарибав, жиндир агьлу-хъизан рикIад бугев нухлуласеги кумек гьабе. Нужер квер маликлъарал гьарабащазеги лъикIлъи гьабе. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) вокьуларо жив чIухIар**ав, гIагарал чагIаздаса ва мадугьалзабадаса **гьумер буссун вукIунев чи.**

**37. Жалгоги бахилал, гIадамаздаги бахиллъиялдалъун амру гьабулел руго гьел квешал гIадамал: Аллагьасул (عز وجل) цIобалдалъун жидее кьураб боцIиги бахчунел закаталъе ва**

**напакъаде кьечIого букIине. Дица капурал гIадамазе цIакъ гьел гIодорегIан гьарулеб гIазаб хIадурун буго.**




**38. Жидеца боцIи гIадамазе гIоло, рияльэ, напакъаде кьолел ва Аллагьасдаги (عز وجل), ахир къиямасеб къоялдаги иманги лъун гьечIеб хIалалъ, гьал чагIи мунафикъзаби руго. Жидеца шайтIан гьалмагъялъун ккурал гIадамазе цIакъ квешаб гьалмагъ буго гьеб шайтIан:** кинабго квешаб гIамалалда гьев тIовитIулеб, ва кинабго лъикIлъи гьабиялдаса нахъги чIвалеб.

**39. Гьал мунафикъзабазе бугеб къварилъи щиб бугеб хIакъикъияб иман лъун Аллагьасдаги, ахираталдаги божани, ва Аллагьс кьураб боцIиялдаса гьев разилъулел нухазда напакъа ва садакъа кьуни. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьазул хIал лъалев буго.**

**40. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) цохIо зарра гIадаб жоги зулму гьабуларев буго, лагьзадерил гIамал лъикIаб бугони гьелъие гIемер цIикIкIизабун ажро гьабулев, ва жиндир рахъалъан цIакъ кIудияб тIокIлъи тIадеги кьолев буго.**

**4I. Капуразул ва муширказул щиб хIал букIинеб дица къиямасеб къоялъ щибаб умматалъул авараг, гьезухъе Аллагьасул дин щвезабунин абун нугIлъи гьабизе гьезда цере рахъизарураб мехалъ. Ва дица мун гьаб дур умматалъе нугIлъун тIаде вахъинавидал я МухIаммад ﷺ,** гьеб умматалъул гIасиял, пасикъал гIадамазул щиб хIал букIинеб?

**42. Гьеб къоялъ капурал ва Аллагьасул (عز وجل) расуласда гIасилъарал гIадамазул хьул лъола жал тIад рахъинаричIого, ракьулъ лъун толел анищ, жидеда тIад ракьги битIизабун абун. Ва гьеб къоялъ гьезда Аллагьасдаса щибго жо балъго гьабизе кIоларо:** Аллагьас (عز وجل) кIалалда мугьро чIван лугби кIалъазарула.

**43. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж как базе лъугьунге мехтун ругеб хIалалъ, нужеца бицунеб, гьабулеб жо нужеда лъалел лъугьинегIан.** Гьаб хIукмуги мехтулеб жо хIарам гьабилелде цебе букIараб буго. Мехтинарулеб жоялъул хIакъалъулъ риштIинабураб кIиабилеб аят буго гьаб. Лъабабилеб аят рештIинабуна: «нужее хамро хIарам гьабуна…» абун. Гьелдалъун кинабго жинца мехтинарулеб, ва гIакъло ине гьабулеб жо хIарам гьабуна: гIемераб жо гьекьон мехтинарулеб жоялъул кигIан дагьабги жо гьекъей хIарамаб буго.

**Ва нужеда черх чуризе тIалъараб мехалъги баге как, нуж сапаралда рукIун** (лъин батIичIеб мехалъ гурони: гьеб мехалъ таямум гьабила) **черх чурун хадуб гурони.**

Черх чури тIад гьабулеб ункъго сабаб буго:

I. Бихьин чияс чIужугIадамалда жимагI гьаби (кIияздаго тIалъула черх чуризе).

2. Мани бачIин, кьижун вукIун бачIаниги, пикру гьабун бачIаниги, цоги щиб сабабалдалъун бачIаниги загьиралда бихьулеб бакIалда мани бачIин лъараб мехалъ бихьиназ ва руччабаз черх чури тIалъула.

3. руччабаз черх чури тIалъула хIайз-нифасалдаса яцIцIалъараб мехалъ. Лъимер гьабиялдалъунги тIалъула черх чуризе, гьеб лъимер гьабигун цадахъ щибго нифас бихьичIониги.

4. Бусурман чи хвараб мехалъ чIагояз гьев чуризеги тIалъула.

Капур чи иманлъун исламалда вачIиндалги черх чури тIадаб буго абуна цо гIалимзабаз.

**Нуж унтун ругони, яги сапаралда ругони, яги нужер какие чури биххун бугони** цебесеб яги нахъисеб гIавраталдаса къватIиб щиб бугониги жо бачIун, **яги нуж руччабазда хъатIун ругони:**


жинца ячине бегьулей чIужуялъул ва бихьин чиясул тIом цо-цаде хъатIун бугони; **гьаз тIалаб гьабе бацIцIадаб, хIур гьоркьоб бугеб ракь, ва гьеб ракьалда кIиябго квер кьабун жиндир гьумералда масхIо гьабе (лъулъай, бахе), хадуб кIиябго кверал, гъуждуздаги масхIо гьабе. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал чурулев, ва жив муъминзабада гурхIулев вуго.**

**44. Мун гIажаиблъуларищ МухIаммадﷺ, жидехъе тIехь кьурал, ва гьеб цIализе лъай кьурал гIадамазул пишаялда, жидеца хIакъаб динги бичун къосин босулел, иман лъеялдаса купру тIасса бищулел. Ва жидее бокьулел, я гьал муъминзаби, нужги битIараб нухдаса къосун гьезда релъгьарал лъугьине.**

==========

Сагьл бину ХIунайн асхIабасдаса (ра) хIадис бицана:

Аварагас абуна***: «Унгого, ракI бацIцIадго Аллагьу ТагIалаясда жиндие шагьидлъун хвел кьеян гьарарав чи Аллагьу ТагIалаяс шагьидзабазул даражаялда вахинавула, гьев чи жиндир рокъов босада вегун хваниги»-абун.*** Гьаб хIадисалдаса мурад буго жиндир ният бацIцIалъарав, ргIиги гIамалги ритIухъав чи жиндир мурадалда щолев вукIин ва кинабго ишалъулъ ритIхъльи хIажатаб букIин. Аллагьасул нухалда шагьидлъун хвей тIалаб гьаби суннатаб буго. Гьеб нияталъулъ жив ритIухъав вугони ва жив Аллагьасул (عز وجل) дин ракьалда тIад букIиналъе гIоло вагьизе ва хвезе хIадурав вугони, гьесие гъазаваталда хварав шагьидасе бугебгIадаб ажро-кири хъвала ТIадегIанав Аллагьас.




**45. ТIадегIадав Аллагь жинда лъалев вуго нужер тушбабазул хIал. Нужее гIезе буго нужер Вали** (жинца нужер тIалаб - ургъел гьабулев) **Аллагь (عز وجل) вукIин. Ва нужее Аллагь гIезе вуго жинца квер бакъулевлъун.**

**46. Ягьудияздаса цо гIадамал руго Тавраталда бугеб Аллагьасул (عز وجل) калам хисизабулел, ва гьелъие жидеего данде кколеб магIна гьабулел. Дуца иман лъеялда ахIараб мехалъ гьез абулеб буго: «Нижеда дуца бицунеб жо ргIана, амма ниж гьелда гIисилъана»- абун: ай нижеца гьелда иман лъечIо ва дуда ниж мутIигIлъуларо. Цогиги гьез абулеб буго «нижеца бицунеб жоялда гIенекке, дуда ргIугеяв»- абун. Ва «ргIина» абулеб буго, квешаб рогьоб бай мурадалда, тIаса дудахун рекъон ругоян ккезабун, ва исламияб диналда гьез тушманлъи гьабулеб буго.**

**Гьел ягьудияз абун букIарабани: нижеда дуца бицараб жо ргIана ва ниж дудаги мутIигIлъанаян абун. Мун нижеда гIенекке, ва мун нижеда валагье абунги, гьезие гьаб цIакъ лъикIаб букIана Аллагьасда аскIоб. Кинниги, Аллагьас (عز وجل) ягьудиял жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьаруна гьезул купруялъе гIоло, ва гьез цIакъ загIипаб хIалалъ гурони иманги лъоларо,** гьеб иман Аллагьасда (عز وجل) аскIоб жидее щибго мунпагIат гьечIеб букIуна.

**47. Я гьал китабиял! Нужеца иман лъе дица рештIизабураб Къуръаналда, жинца нужер тIехьги ритIухъ гьабулеб, нужеда ццим бахъун нужер гьурмазул куц хвезабун, гьел мугъалда нахъе сверизарилелде цебеккунго. Яги дица шамат къоялъ ччугIа ккуразе гьабураб гIадаб кIудияб гурхIел къотIи гьабизегIан цереккун. ТIедегIанав Аллагьасе (عز وجل) бокьараб жо лъугьуна,** ва гьеб нахъчIвалеб къуватги букIунаро.

**48. ХIакълъунго Аллагь тIаса лъугьунареб жо буго жиндехун ширк гьаби. Ширк гуреб цогидаб кIудияб мунагь чурула, ва гьелда тIаса лъугьула, жиндие вокьарав муъминчиясдаса. Жинца Аллагьасде ширк гьабулев чи цIакъ кIудияб мунагь гьабурав чи вуго**.

ТIабари абулев гIалимас абуна: гьаб аяталъ баян гьабуна, кинавго жинца кIудияб мунагь гьабурав чи Аллагьасе бокьиялда гъоркь вукIин: бокьани Аллагьас (عز وجل) гьев чи тIасан лъугьун тела, бокьани гьесие гIакъуба гьабила, гьеб кIудияб мунагь Аллагьасде ширк гьабилъун гьечIони.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Яманалъул агьлуялъухъе кагъат хъвана жинда жаниб паризаял жал рицун, суннат бицун, дият бицун. Гьеб кагъат битIана ГIамру бину ХIазм абулев асхIабасухъе кьун. Гьелда хъвараб жоялъулъ букIана: *«къиямасеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб бищунго кIудияб мунагь буго гьесде ширк гьаби. Цинги бусурманчи чIвай, цинги Аллагьасул (عز وجل) диналъе гIоло вагъизе абун рагъде щварав чи, гьеб рагъул майданалдаса лъути»*- абун.


Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бицараб хIадисалда буго:

*«Аллагьасде ширк гьабичIого хварав чиясе алжан тIадаблъун букIуна. Жинца ширк гьабун хварав чиясе жужахI тIадаб букIуна»*- абун.

**49. Мун гIажаиблъун валагье МухIаммад ﷺ, жудерго напсал рацIцIунел ва реццулел гIадамазда. Аллагь (عز وجل) вуго жиндие бокьарав чи жинца вацIцIунев, ва щивго чиясе цохIо зарра гIадаб жо зулмуги гьабуларев.**

**50. Мун валагье МухIаммад ﷺ кин гьел ягьудияз Аллагьасда (عز وجل) гьереси гIунтIизабулеб бугеб:** ниж Аллагьасул лъимал руго, гьесие рокьулел руго абун. **ЦIакъ кIудияб мунагь буго гьаб ва баянаб Аллагьасда гIасилъиги буго.**

**5I. Мун валагье МухIаммад ﷺ, жидехъе тIехь кьурал ва жидее лъай кьурал ягьудиязул цо къокъаялде, жидеца Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабулел, ва хъанчаздаги, гьезда релълъарал жалаздаги иман лъолел.** Ва къурайшиязул капурзабада абулел гьал ругин бусурбабаздасаги битIараб нухалда абун. Гьез бусурбабаздаса капурзаби хира гьарулел руго жидер жагьиллъиялъ, диналъул кIваргьечIолъиялъ. Гьелдалъун Тавраталда бугеб жоялда инкар кколеб буго ва гьеб хисизабулеб буго.




**52. Гьал гIадамал руго Аллагьас (عز وجل) жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьарурал. Аллагьас лагIнат кьурал гIадамазе квербакъи гьабулев чи дуда ватинаро.**

**53. Яги гьал ягьудиязе Аллагьасул (عز وجل) мулкалдаса цо бутIайищ бугеб, гьезие бокьараб хIалалъ бикьулеб ва кьолеб. ГьечIо жидее гьединаб мулк. Гьезие гьеб бутIа букIарабани, цохIо зарра гIадаб жоги гьез гIадамазе кьезе букIинчIо.** ЦIакъ бихилал, хъантIарал, сутурал руго гьал ягьудиял.

**54. Яги гьез бусурбабада хIасадищ гьабулеб бугеб Аллагьас гьезие кьураб хиралъи-тIокIлъиялда.** Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасда хIасад гьабуна гьев гIарабияв вукIиналъ. Гьесда нахърилълъарал асхIабзабада хIасад гьабуна Аллагьасдаги, гьесул аварагасдаги иман лъун гьел гIемерлъулел, гьезул къадро кIодолъулеб букIиналъ.

**ХIакълъунго дица хиралъиги тIокIлъиги кьун букIана Ибрагьим (гIв) аварагасул наслоялдаса ругел нужер умумузе**: жидее авараглъи кьун ва тIахьалги кьун. **Ва гьел аварагзабазе цIакъ кIудияб ханлъиги кьун букIана.**

Жидее авараглъи ва ханлъи кьураздаса рукIана Давуд ва Сулайман авараг, гьал ягьудиязул аварагзаби руго.

Гьаб аяталъул магIна буго: Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьараб мехалъ бокьарав чиясе кьола хиралъи ва бечелъи, нужер умумузеги кьун буго. Гьеб хIалхъублъи гьабизе кколеб жо гьечIо, нужеца хIалхъублъи гьабунин абун тIаса унеб нигIматги гьечIо Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб хиралъи. Бищунго инсанасе зарал кIудияб рекIел унти буго хIасад.

**55. Китабиязул цо къокъа буго МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъолел. Цоги къокъа буго жидеца иман лъечIел ва иман лъеялдаса цогидал гIадамалги нахъчIвалел. Гьазие цIакъ боркьараб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**


**56. ХIакълъунго Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул аварагзабада инкар кколел ва Аллагьасул Къуръанги гьереси гьабулел, гьал гIадамал дица ахираталда жужахIалъул цIадаре лъугьинарила, жинца гьурмал режулеб ва гьанги кваналеб. Жидер тIомги гьанги бухIун, бежизабун тIагIараб мехалъ, гьеб гьан ва тIом Аллагьас (عز وجل) цIидаса бижинабула, ва гьанжеги гьеб бежун, бухIун тIагIизабула. Гьадин гIазаб чIамизабула Аллагьас (عز وجل)** дунялалъул рукъоб иман лъезе ва Аллагьасда мутIигIлъизе гьел чIухIун рукIиналда данде жазалъун. **ХIакълъунго Аллагь жиндир къуват-гуч бергьарав хан вуго, Жиндир гIадлу битIарав хIакимги вуго.**

**57. Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал, цинги аварагасда нахърилълъун жидеца лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамал:** Аллагьасул парз тIубан, аварагасул ﷺ суннатги нухлъун гьабун**. Дица гьал гIадамал ахираталда алжаналда жанир лъугьизарила, жидеда жаниса батIи-батIиял нигIматазул гIоралги чвахулел. Даимго рукIинелъун лъугьизарула алжаналда: гьенир цIакъ рацIцIадал руччабиги рукIина ва жал даимабго ргIадалъулъ лъугьизарун рукIина.**

**58. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужеда амру гьабулеб буго нужеца киналго аманатал гьел аманатазул бетIергьабазухъе тIад буссинабе абун. Ва нужеца гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабулеб мехалъ, гьебги шаргIалда рекъон гьабеян. Жинца цIакъ лъикIаб жо малъулев ва берцинаб вагIза гьабулев вуго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل). ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо ргIунев, ва бихьулев вуго.**

**59. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул расуласда ﷺ мутIигIлъе. Ва нуж мутIигIлъе нужеда гьоркьосан нужеда тIад амру-нагью гьабизе тарал гIадамаздаги.** ХIакъаб жоялдалъун амру гьабулев, шаргIалда рекъон хьвадулев тIад тарав чиясда мутIигIлъизе тIадаб буго. ТIад тарав чи залимав, зулмуяв вугони, гьесиеги мутIигIлъила, гьесул зулмуялдаса цIунун, Аллагьасда (عز وجل) гIассилъи гьечIеб жоялъулъ. Гьесул квешлъиялъул жаза Аллагьас гьабила.

**Нужер цо щиб бугониги жоялъулъ цо-цазде хилиплъи ккани, ва гьелъул шаргIияб хIукмуги лъачIони, нужеца гьеб ишги Аллагьасул Къуръаналда, ва аварагасул суннаталда буссинабе: Нуж гьаб хIалалъ хьваде Аллагьасда (عز وجل) ва ахир къиямасеб къоялда иман лъураллъун ратани.** Гьаб нужее цIакъ лъикIаб нух буго. Дунялалда, ва ахираталда нуж ритIун ккеялъе сабаб буго гьаб.




**60. Дуда рихьуларищ МухIаммад ﷺ, ва мун гIажаиблъи гьабун валагьуларищ гьел мунафикъазда, дуда рештIизабураб Къуръаналда иман лъунаян, ва дуда цеве вукIарав аварагасда рештIизабураб жоялдаги иман лъунаян абулел, цинги жидееги бокьулел жидеда гьоркьоб хIукмо гьабизе тIагъутIихъ ине.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: гьав тIагъут абун жинда цIар тарав чи КагIбо бину-Ашраф вуго, ягьудиязул бищунго квешазул цояв. Гьесда тIагъутан абуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда тушманлъи гьабиялъул, ва жиндир къосиналъулъ цIакъ гучав вукIиналъ.

**Гьал мунафикъазда амруги гьабун букIадго нужеца тIагъуталда инкар гьабе абун.** ЦохIо Аллагьасе гьабе лагълъи, цогидаб кинабго жо рикIкIад гьабун те абун. тIагъут абула кинабниги Аллагьасда гIасилъараб жоялда, хасго гьеб цIар шайтIаналда гIемер абула**. Гьеб шайтIаналъеги бокьула гIадамал битIараб нухдаса къосинаризе, ва Аллагьасул (** عز وجل**) тIоритIиялдасаги руссинаризе.**

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицун, жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Бишрун абулев мунафикъасул цо ягьудиясулгун дагIба букIана. Цинги ягьудияс абуна: «вачIа мун, нилъ хIукмо гьабизе МухIаммадихъе ине руго» - абун. Бишруца абуна: «нилъ хIукму гьабизе КаагIбохъе ине руго» -абун. Гьав КагIбо вуго Аллагьас жинда тIагъут абун цIар лъурав». Ягьудияв разилъичIо МухIаммадихъе (**عز وجل**) ун хIукмо гьабиялда гурони. Аллагьасул свалат салав лъеяв аварагас хIукму гьабун ягьудияв вергьана.

**6I. Мунафикъзабада абидал нуж хIукму гьабизе рачIа Аллагьас (عز وجل) рештIизабураб Къуръаналда ва Аллагьасул расуласдаги ﷺ абун, дуда мунафикъзаби рихьана МухIаммад ﷺ, дудаса руссунеллъун чIухIараб руссиналъ.**

**62. Гьал мунафикъазул щиб хIалха букIинеб жидеда Аллагьасул гIазаб щвараб мехалъ, гьез гьарурал къабихIал пишабазе жазалъун. Гьал мунафикъзаби духъе рачIунел руго, ва Аллагьасул цIаралдалъун гьедулелги руго жудее лъикIлъи бокьун букIанин, ва рекъелги бокьун букIанин абун.**


**63. Гьел гIадамал руго Аллагьасда (عز وجل) жидер ракIазулъ бугеб нифакъ лъалел. Мун гьаздаса вуссун чIа, ва гьезие гIакьуба гьабуге. Дуца гьезие вагIза гьабе, ва мунафикъзабазе букIунеб гучаб гIазабги бице. Ва дуца гьезда хIакъаб рагIиги абе МухIаммад ﷺ, дудаги гьездаги гьоркьоб бугеб жо бицун ва баян гьабун.**

**64. Дица дир аварагзабазул цониги авараг витIичIо, Аллагьасул (عز وجل) изнуялдалъун жинда уммат мутIигIилъизе гурони. Гьел мунафикъзаби, жидеца напсазе зулму гьабун хадуб, тавбо гьабугн, рекIекълъун духъе рачIун рукIаралани, жидер мунагьазда мукIурлъун, Аллагьасда (عز وجل) мунагьал чуриги гьарун, цинги расуласги ﷺ Аллагьасда гьарун букIарабани гьезул мунагьал чуре абун. Гьал гIадамазда Аллагь ватилаан жинца тавбо къабул гьабулевлъун, ва жив цIакъ гурхIулевлъун. Ва амма мунафикъзабаз тавбо гьабуларо.**

**65. Дур БетIергьан Аллагь гьедулев вуго МухIаммад ﷺ: гьел гIадамал иман лъураллъун рукIунаро, жидеда гьоркьоб бугеб дагIба-къецалъе хIукму гьабизе духъе рачIинчIеб мехалъ. Дуца гьезда гьоркьоб хIукму гьабун хадубги гьеб хIукмуялда ракI разилъун гьечIони ва тIубараб хIалалъ дуде нахърилълъинчIони.** Гьаб кIиябго аяталдла жаниб бицун буго иман лъурал гIадамал жидеда гьоркьоб ккараб хилап ва дагIба тIубазе, гьелъие хIукму гьабизе Аллагьасул (**عز وجل**) Къуръаналда ва хирияв аварагасул ﷺ суннаталде руссине тIадаб букIин. БетIергьан Аллагьас гьа гьедун абулеб буго гьел гIадамал иман лъурал рукIуларин абун жидеда гьоркьоб хIукму гьабизе духъе рачIинчIеб мехалъ.

Бусурбабазул къанун Къуръан буго, гьеб Къуръан аварагасул суннаталъ баян гьабун буго, ва хадуб имамзабаз ва гIалимзабаз Къуръан хIадисалдаса хIукму босун, гьеб нилъеда бицун нилъеда тIаде рачIунел киналго умуразе жинца гIей гьабулеб гIелму данде гьабун буго.

Гьаб Аллагьасул (**عز وجل**), ва аварагасул ﷺ хIукмуялдалъун хIукму гьабизе тIадабги букIаго цоги къануналдалъун, яги гIадаталдалъун хIукму гьаби хIарамаб букIуна. КIиго бусурманчияс кинаб бугониги даран-базаралда, ва цогидаб чIаголъиялда хурхараб масъалаялъулъ жидеда гьоркьоб къотIи-къайи гьабулеб мехалъ, гьеб къотIи гьабизе ккола щаргIалда рекъон кколеб хIалалъ, шаргIалда боцун, рукIине кколел шурутIал цIунун.




**66. Дица гьал мунапикъазда амру гьабуни нужер напсал чIвай абун, яги нуж нужер росабалъан къватIире рахъа абун, гьеб амру тIубаларо цIакъго дагьал, иман рекIелъ бугел гIадамаз гурони. Гьез жудеда амру гьабураб иш гьабулебани жидее гьеб дунялалдаги ахираталдаги лъикI букIилаан, гьезул иманги щулалъилаан.**

**67. Гьадин хьвадараб мехалъ Дица гьезие дир рахъалъан цIакъ кIудияб ажро кьелаан:**

**68. Ва Дица гьел битIараб динул исламалъул нухалда тIоритIун гьелда хьвадизарилаан.**

**69. Аллагьасда (عز وجل), ва аварагасда ﷺ мутIигIлъарав чи, ва гьедин мутIигIлъарал киналго бусурбаби: гьал руго БетIергьан Аллагьас жидее нигIмат кьурал, лъикIал гIадамалгун цадахъ жиндир хирияб алжаналде лъугьизарулел: Аллагьас жидее нигIмат кьурал гIадамал аварагзаби руго, жидер диналъулъ ритIухъал асхIабзаби (ра) руго, Аллагьасул диналъе гIоло рагъун хварал шагьидзабиги руго. Цогидал лъикIал муъминзабиги руго. Гьал гIадамал цIакъ лъикIал руго гьалмагъзабилъун рукIине.**

**70. Гьаб кIудияб даража-макъам Аллагьасул сайгъат, ва тIокIлъи буго: лагъасул гIамал сабаблъун гьадинаб кIудияб даража щоларо. ТIедегIанав Аллагь гIезе вуго лагъзадерил гIамал жинда лъалевлъун. Ва щив лагъасе кинаб жаза гьабилебги жинда лъалевлъун.**

**7I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж нужер тушманасдаса цIунараллъун рукIа, ва гьесда данде чIезе кIолеб хIадурлъиги гьабе. Ва нуж Аллагьасул дин ракьалда букIиналъе гIоло гъазаваталде рахъа къокъаби гьарун, ва киналго цадахъги.** МаслахIат хал гьабун рахъа гъазаваталде.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагас цо-цо къокъа битIулеб букIана жидеда тIад амирги гьавун гьеб къокъа битIун гIолеб рагъулъе. Киналго асхIабзабиги рахъине гьарунги унев вукIана гьедин ине маслахIат бихьараб бакIалда. Нилъееги гьаб хIукму буго, ва бусурбабазул амру кодоб бугел исламалъул хIакимзабаца, ва гIалимзабаца гьабула гъазават кин гьабилеб абураб хIукму, гьеб хIукму гьабизе регIунги ругони, санагIатги бугони.

Тушман тIаде кIанцIун, исламалъул ракьал рахъун, бусурбаби лагълъиялда ккезарун ругеб мехалъ, щивав бусурманчи жиндир хIал кIвараб жо гьабун къеркьезе ккола гьеб зулму тIаса инабизе.

Цо-цо чи къватIив вахъун тушманасда вагъизе ун гьаб зулму тIаса унаро. Гьелдалъун исламалъе ва бусурбабазе зарал цIикIкIуна, гьезул къуват дагьлъула, бахIарчилъи бугел гIадамалги дагьлъула. Исламияб жамагIат гIуцIизе ккола, ва хирияв аварагасул ﷺ, ва асхIабзабазул нух лъазабун гьеб нухалда хьвадизе ккола.


**72. Нужеда гьоркьор руго мунапикъзаби, жидеца гъазаваталдаса муъминзаби нахъе цIалел. Нужеда цо къварилъи щвараб мехалъ гьез абулеб буго: Аллагьас дие лъикIлъи гьабун буго дун гьал гIадамалгун цадахъ гъазаваталда ун гьечIолъиялдалъун. Дунги чIвалаан гьенив, я дида ругънал щолаан абун.**

**73. Нужее Аллагьасул рахъалъан цо лъикIлъи щвани, ва нуж гьазаваталда бергьун нужее гьанимат щвани, гьел мунафикъаз абизе буго: нужгун цадахъ ричIине жидер рес букIинчIого гьоркь хутIун рекIекълъарав чияс гIадин: дун гьал гIадамалгун цадахъ рагъда вукIараб анищха, диеги гIемераб гьанимат щвезе букIанаян абун.**

**74. Аллагьасул диналъе гIоло рагъ гьабе дунялалъул чIаголъи бичун ахират босарал муъминзабаз. Жидеца Аллагьасул (عز وجل) нухалда гьазават гьабун рагъ гьабурал гIадамал, цинги жал шагьидлъарал, яги жидее бергьенлъи щварал, дица гьал гIадамазе ахираталдаги цIакъ кIудияб ажро кьезе буго.** Дунялалъул рукъобги щвезе буго гьезие ажро. Гьазаваталда вахъарав чиясе кIиго рохел бицун буго: шагьидлъун хвей буго цо, яги бергьенлъи щун гьанимат (давла) щвейги буго кIиабилеб.

Жинда Аллагь разилъаяв Муслимица бицараб хIадисалда буго*:*

*ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) абулеб буго: «Дун кIудияб ажро къезелъун гьоркье чIарав вуго Аллагьасул диналъе гIоло гьозават гьабизе къватIив вахъарав чиясе: гIицIго гьеб диналъе гIоло жигьад гьабизе вахъарав, дида иман лъун вахъарав, ва дир аварагзаби ритIухъ гьарун вахъарав чиясе: Дица гьев шагьидлъун вахъун алжаналда лъугьизавила, яги дица гьев **жиндир рукьов тIад вуссинавила жиндие ажроги щун, яги гьаниматги ажроги щун»* **- абун.**




**75. Нужеца жигьад гьабичIого букIине гIилла щиб бугеб я гьал муъминзаби, нужер диналъул вацал мушриказ къварид гьарула ругеб мехалъ, гьижра гьабизе рес лъугьинчIого Маккаялда хутIарал загIифал бихьинал, руччаби, ва лъимал. Ва Аллагьасда гьарун дугIа гьабулел ругел: «Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца ниж гьаб росолъан къватIир рахъизаре, жиндир агьлу цIакъ квешал залимзабилъун ругеб. Ва дуца нижее дур рахъалъан валиги гьаве нижер амруялъул кIвар гьабулев, ва нижее квер бакьулев чиги гьаве»- абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «дунги, дир эбелги рукIана гьал Маккаялда хутIарал, мушриказ къварид гьарулел рукIарал гIадамалгун цадахъ»- абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьезие дугIа гьабулеб букIана, ва гьес абулеб букIана:

«Я дир Аллагь (عز وجل)! Дуца Валидил вас Вали хвасар гьаве, Гьашимил вас Салмат хвасар гьаве»-абун цIар-цIар ккун гьарулаан Аллагьасда.

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьел муъминзабазул ва аварагасул дугIаялъе жаваб гьабуна, ва гьезие бищунго лъикIав валиги, квер бакъулев чиги гьавуна. Гьавги Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад вуго. Макка бахъун хадуб гьенив валилъун аварагас ХIатаб бину Усайд (ра) асхIаб тана, ва гьес жидее зулму гьабун рукIаразе залимзабадаса хIакъ босана.

**76. Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал гIадамал гьесул нухалда рагъулел руго. Капурал гIадамал рагъулел руго шайтIаналъул нухалда. Нужеца гьаб шайтIаналъул гьудулзабада рагъ гьабе, я Аллагьасул гьудулзаби. ХIакълъунго гьеб шайтIаналъул макро цIакъ загIипаб буго.**

**77. Дуца пикру гьабун мун валагьуларищ МухIаммад ﷺ, дур асхIабзабазул цо къокъаялда: Маккаялда ругеб мехалъ жидеда амру гьабун рукIарал мушриказда рагъ гьабуге, гьезулгун питна кколеб жоялдасаги цIунун чIа, ва паризаяб как бай, боцIудаса закатги кье абун. Цинги гьезда жигьад гьаби тIадаблъун гьабидал ва мушриказда, купаразда рагъ гьабеянги абидал, цо къокъа гьеб амру тIубазе бокьичIого, гIадамаздаса хIинкьулел руго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъулеб хIалалъ, гьелдасаги цIикIунги хIинкъулел руго. Гьез абулеб буго: Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل), дуца нижеда жигьад парз щай гьабураб? Дуца гьеб жигьад парз**


**гьабичIого тун букIарабани дагьаб заманалъ – абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Гьаб дунялалъул чIаголъи цIакъ дагьаб жо буго. Ахират ва алжан лъикIаб жо буго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарав чиясе, ва гьеб ахираталда гьезие щибго зулмуги гьабуларо»- абун.**

**78. Нуж кир ругониги нужеде тIаде хвел щвезе буго, нуж цIакъ щула гьарурал хъулбузда (крепость) жанир ругониги.** Гьаб хIукму гьадин бугелъул нужеда бичIчIа рагъде унин абун жиндир ажал тIаде щвечIого инсан холаро. Гьаб рагIи буго доб жигьад парз гьабидалго, гьеб нахъе бахъун букIараб анищ абурал гIадамазда абураб рагIи. **Мунафикъзабаде цо лъикIлъи щвани гьез абулеб буго гьаб нижее Аллагьас (عز وجل) гьабураб лъикIлъи буго ниж гьелъие мустахIикъал рукIун абун. Гьезда цо къварилъи щведалго жидеца абулеб буго: «гьаб къварилъи мун сабаблъун щвараб буго нижеда»-абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «кинабго жо Аллагьасул рахъалъан буго»-абун. Гьаб къавмалъе бугеб жого щиб гьезда хIакъаб жо бичIчIинчIого букIине, ва кинабго жоялъул хIукму-къадарги Аллагьасда кодоб букIин щай гьезда лъалареб?**

**79. Дуда щвараб кинабго лъикIлъи, гьеб Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб буго. Дуда щвараб кинабго квешаб жо, гьеб дур напсалъул гIамал сабаблъун бугеб буго.**

Гьаб хитIаб кинавго инсанасда гIаммаб хитIаб буго. Ва гьаб буго муъминзаби Аллагьасул хIукму-къадаралда божиялъул къагIида: кинабниги нигIмат, сахлъи гIакъло, гIилму ва цогидабги Аллагьас (عز وجل) жиндир цIобалдалъун, чIобого нилъее кьураб жо буго, щибго жинда кьезе тIадаб гьечIого, ва нилъ гьелъие муста-хIикълъунги гьечIого. Щиб къварилъи, ва балагъ бачIаниги гьеб хал гьабизе ккола нилъер напсазул гIайбалдалъун буго абун. Гьадин бугелъул кинабниги лъикIлъиялда данде Аллагьасе (عز وجل) шукру гьабизе ккола, ва кинабниги къварилъиялда данде Аллагьасдаса мунагьал рахчи, ва тIаса лъугьин гьаризе ккола.

**Дица мун витIана МухIаммад ﷺ, киналниги гIадамазда расуллъун, дир ширигIат гьезухъе щвезабизе. Ва Аллагь (عز وجل) гIезе вуго нугIлъун мун хIакъав расул вукIиналъе.**




**80. Щив чи вугониги Аллагьасул расуласда мутIигIлъарав, гьев вуго Аллагьасе (عز وجل) мутIигIлъарав чи. Щив чи вугониги аварагасда ﷺ мутIигIлъичIого мугъ бан, гIамал кIодолъи гьабун чIарав, мун гьезул гIамалал цIунизе витIарав гьечIо МухIаммад ﷺ. Мун гьезул хIисаб-суал гьабулев гьечIо, ва гьез иман лъечIин абун дуе щибго къварилъиги гьечIо, мун вуго гьезухъе хIакъаб дин щвезабулев авараг.**

**8I. Дуда аскIор рукIун, дур амруялда гIенеккун мунафикъаца абулеб буго «ниж дуе мутIигIал руго» абун. Цинги дуда аскIосан къватIире рахъарабго гьез дуца амру гьабураб гуреб, цоги жидеего бокьараб жо гьабулеб буго. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьезул кинабго гIамал хъвалеб буго. Мун гьездаса вусса МухIаммад ﷺ, гьезие къварилъи гьабуге, ва дуца таваккал Аллагьасда тIаме. Дуе Аллагь (عز وجل) гIезе вуго вакиллъун.**

**82. Мунафикъзабаз Къуръаналда гIенеккун гьелъул пикру щай гьабулареб? Гьеб Къуръан Аллагьасул (عز وجل) калам букIинчIебани гьезда гьениб жаниб гIемераб цо-цазда хилипаб жо батизе букIана.** Мушириказ ва мунафикъаз абулеб букIана гьаб Къуръан МухIаммадица жинцаго ургъун цIалулеб буго абун. Гьезие жаваблъун, ва гьезул мекъаб дагIба хвезабилъун буго гьаб аят.

**83. Гьал мунафикъазухъе цо хабар щвараб мехалъ муъминзабазул хIакъалъулъ: гьел рагъда бергьана абун, яги къуна абун, жидеца гьеб хабар хеккого гIадамазда гьоркьоб тIибитIизабулеб буго.** Гьереси-битIараб лъачIого, хIасил цIехечIого, ва гьелдалъун муъминзабазе зарал гьабулеб буго. **Жидеца гьаб хабар тIибитIизабичIого Аллагьасул аврагасда ﷺ, ва гьесул кIудиял**

**асхIабзабадаги (ра), жидеда гьоркьор ругел гIалимзабадаги тIамун толебани, гьеб ишалъул лъикIаб ва квешаб рахъ гьезда лъазе букIана**. Ай: хирияв аварагас, ва жидер гIилму, гIакъло камилал асхIабзабаз бицине, ва хIукму гьабизе те гьеб хабар, жидеда тIад гьечIеб жо бицунге.

**Нужеда ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) цIоб- рахIмо гьабун букIинчIеб ани, я гьал муъминзаби, нужеда авараг витIун, ва Къуръанги рештIизабун.**

**Нуж шайтIаналда нахърилъльине рукIана, цIакъго дагьал муъминзаби хутIизегIан**. Цинги гьеб шайтIаналъ къабихIал гIамалал малъун нуж жужахIалда гIагар гьаризе рукIана.

**84. Дуца Аллагьасул (عز وجل) диналъе гIоло рагъ гьабе МухIаммад ﷺ! Гьаб амру цохIо дуда гьабулеб буго.** Цогидал рагъ гьабизе хIинкъанин абун дуе къварилъи ккоге. Ва цохIого мун хутIаниги дуца Аллагьасул нухалда гъазават гьабе, дуе Аллагьас (**عز وجل**) квербакъизе къотIи гьабун буго, ва мун бергьизе вуго.

**Цогидал муъминзабиги гьесизаре, гьезулги хьул лъезабе жигьад гьабизе. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужедаса капураб къавмалъул гуч, ва къуват нахъе чIвазе буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир гуч бергьарав, ва жинца тушбаби цIакъ хIинкъизарулев вуго.** Гьезие гучаб гIазаб гьабулев вуго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Бадруялъул рагъ гьабизе мухъал гьарулеб мехалъ, цевесан хьвадун мухъ битIизе гьабулев вукIана, ва гьес абулеб букIана:


*«нуж рахъа Аллагьасул алжаналда ине, жиндир гIатIилъи зобал- ракьалгIан кIудияб бугеб»* абун.

**85. Жинца гIадамазда гьоркьоб лъикIаб жоялдалъун шапагIат гьабурав чиясе гьелъул ажро букIине буго, жинца квещаб жоялдалъун гIадамазда гьоркьоб шапагIат гьабурав чиясе гьелъул мунагьги букIине буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) кинабго жоялда хIал кIолев вуго.** шапагIат гьаби абураб рагIиялдаса мурад буго кIиго чиясда яги гIадамазул кIиго къокъаялда гьоркьов лъугьун гьезул ишалъулъ гIахьаллъи гьаби, ва гьеб иш лъикIалдалъун тIубазе яхI бахъи.

**86. Нужее цояз тахIият, кIодолъи гьабураб мехалъ, нужецаги гьелдасанги лъикIаб тIахIият гьабе, яги нужее гьабураб гIадаб тахIияталдалъун жаваб гьабе. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца кинабго жоялъул хIисаб гьабулев вуго, ва жаза гьабулев вуго.**

Гьаб аят буго муъминзабаца цо-цазе салам кьеялъул баян бицараб. Исламияб диналда жаниб кIиго яги гIемерал гIадамал данде чIвараб мехалъ цо-цае салам кьей суннат буго. **Жинда Аллагь разилъаяв** Абудавудица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул (عز وجل) цIаралдалъун гьедула дун: нуж алжаналда лъугьунаро нужеца иман лъун гурони: нуж иман лъуралги рукIунаро нуж цоял-цоязе рокьинегIан. Дица нуж тIоритIилищ гьеб ишалда, нужеца жиб гьабуни нуж цо-цазе рокьулеб. Нужеца нужеда гьоркьоб салам кьей тIибитIизабе»*- абун.




**87. Аллагь (عز وجل) жив цогояв, жив гурев цоги алагь гьечIев вуго. Гьев Аллагь гьедулев вуго дица нуж къиямасеб къоялъ данде гьарила абун. Жиндилъ шибго шаклъи гьечIеб жо буго гьеб къиямасеб къо бачIин. Жиндир рагIиялъулъ, ва къотIи-къаялъулъ Аллагьасдаса (عز وجل) ритIухъав чи щивха вукIинев**? Щивго вукIунаро. Нужер цересел умматалги, хадусел умматалги киналго цо майданалда чIезарун нужер хIисаб - мизан гьабизе буго, ва щивав чиясе жиндир гIамалалда рекъараб жазаги гьабизе буго.

**88. Нужее бугеб жо щиб, я гьал муъминзаби, мунафикъазул хIакъалъулъ хабарги бицун, кIиго къокъа лъугьун нуж цо-цазде кьецандизе ккани? Аллагьас къосизаруна гьел мунафикъзаби гьезул гIамалал сабаблъун. Нужее букьунищ бугеб Аллагьас къосизарурал гIадамал тIоритIизе? Аллагьас къосизарурал гIадамазда битIараб жоялда рачIунеб нух батуларо.**

Гьаб (88 аят) рештIана УхIудалда рагъ гьабизе къватIир рахъун хадур нахъ руссарал мунафикъазул хIукмуялъулъ муъминзаби цо-цазде хилиплъи бицун.

**89. Гьал мунафикъазе бокьула нужги купруялда руссине, гьел капурал ругел гIадин, цинги нужги гьелги ращад рукIине. Нужеца гьел мунафикъаздаса гьудулзаби гьаруге, ва гьезулгун гьоркьоблъиги гьабуге, гьез Аллагьасул нухда гьижраги гьабун, жигьадги гьабун, жидер иманлъей хIакъаблъун гьабизегIан. Цинги гьел мунафикъзаби гьижра гьабиялдаса, ва жигьад гьабиялдаса руссани, нужеца гьел кодоре росе, ва кирехун ратаниги гьел чIвай. Нужеца гьездаса цониги чи квербакъизе валилъун гьавуге, ва гьезул насихIатги босуге, гьез нужее квербакъизе, ва гьудуллъи гьабизе къотIи гьабулеб бугониги. Гьел руго хиянатчагIи, ва гьезул рагIи кквейги, къотIи тIубайги букIуларо.**

**90. Жидеца нужеда рагъ гьабичIого чIарал, ва нужергун къотIи гьабун ругел гIадамаздахун кIанцIарал мунафикъазда баге рагъ. Яги жидеца цебеккун рагъ гьабиялда рекIекълъун, ва жидер къавмалъ нужеда рагъ гьабиялдаги рекIекълъун нужехъе рачIараздаги гьабуге рагъ. гьез нужее зарал гьабиларо, нужеца гьезиеги зарал гьабуге. Аллагьасул хIукму букIарабани гьел мунафикъзаби нужеда рагъизе риччалаан, ва гьезул къуватги цIикIкIинабилаан. Нужедаса гьел рикIкIалъун чIани нужеда гьез рекъелги гьабуни, гьел парахат те. Гьезие къварилъи гьабизе Аллагьас нужее изну кьолеб гьечIо.**

**9I. Нужеда мунафикъазул цо къокъа батизе буго, жидее нужги рекъон рукIине бокьулел, ва жидее капураб къавмгун рекъон рукIинеги бокьулел. Гьел купруялда ва питнаялда ахIанщинахъе гьенир жанир лъугьула. Гьал цIакъ квешал тушбаби руго нужее.**

Гьал руго «Асад» ва «ГъатIфан» абулеб кIиго къабилаялъул гIадамал. Мадинаялда рачIараб мехалъ гьел бусурбабилъун чIолаан, ва гьезие къотIиги гьабулаан, жидеда бусурбабазул зарал щвечIого букIине. Цинги жидер къавмалде тIад руссун араб мехалъ гьезулгунги къотIи гьабулаан бусурбабазде данде рагъизе.


**Гьал гIадамал нужедаса ратIалъичIони, ва нужергун тушманлъи тун нужеде рекъелги гьабичIони, нужее зарал гьабиялдаса жидеца квералги кквечIони, нужеца гьал мунафикъзаби кверде росе, ва гьел кир ратаниги чIвай. Гьал руго жудедахун рагъ гьабизе Аллагьас (عز وجل) нужее изну кьурал, баянаб изну кьеялъ**: гьал руго нуж гуккулел, ва нужее кIудияб хиянат гьабулел гIадамал.

==========

Имам Бухарияс Анас асхIабасдаса (ра) бицараб хIадисалда буго: ***«Ниж жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараггун цадахъ Табукалда гьабураб гъазаваталдаса тIаде руссараб мехалъ аварагас***

***абуна: «Нилъеца Мадинаялда тарал цо гIадамал руго нилъ щиб нухалда ва щиб кIкIалахъе лъугьаниги гьелги нилъгун цадахъ ругел. Гьел руго гъазаваталда рачIиналдаса цо гIузруялъ (сабаб, къварилъи, багьана) жал ккурал гIадамал»***-абун.

Гьаб хIадисалъул магIна буго щивав чиясе жиндир нияталда рекъараб ажро-кири букIин. Цоги магIна буго кинавго бусурманчи жинда гъазават тIадав вукIин хIал кIвараб хIалалъ. Живго къватIиве вахъун гъазаваталда ине кIвечIони гъазаваталда унезе ярагъ-чу кьун, квен-тIех кьун. Гьезул рокъоб хутIараб хъизан-агьлоялъе кумек гьабун.




**92. Муъминчиясе хIалаллъуларо муъминчи чIвазе, хатIаълъун ккараб жо букIун гурони. Гьедин хатIаълъун бусурманчи чIварасда тIад кафарат буго муъминав лагъ тархъин, ва гьединго жинца диятги кьезе ккола жив чIварасул агьлуялъе: Гьеб агьлуялъ Аллагьасе гIоло тIасса лъугьун тани кьезе кколаро дият. Гьаб диятги жинца чIварасул ирс босулел гIадамаз кьола, гьел дагьал ругони имамас балагьила кин гьеб дият тIубазабилеб абун.**

**Нужгун тушманлъиялда ругел капурзабазул вугони жив чIварав иман лъурав чи, цинги дият кьезе кколаро, гьеб дият капурзабазе квербакъилъун букIунелъул, амма кафарат бахъине ккола: иман лъурав лагъ тархъила. Гьев жив чIварав чи нужгун ракълида ругел гIадамаздасан вугони гьев чиясул агьлуялъе дият кьезе ккола, ва капаратги бахъизе ккела: иман лъурав лагъ тархъила.**

**Тархъизе лагъ гьечIони, яги лагъ вичун восизе рес рекъечIони кIиго моцIалъ тIатIалаго кIал кквезе ккола: гьаб кафарат бахъин нужеда тIад гьабуна, Аллагьас (عز وجل) нужер тавбо къабул гьабизе сабаблъун букIине. ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго, ва жиндир ахIкамазулъ цIакъ хIакимияв вуго.**

**93. Жинца бокьун муъминчи чIварав чи, гьав чиясе жаза жагьаннама буго. Даимго вукIинелъун жив гьеб жужахIалда лъугьинавула. Гьесда Аллагьасул (عز وجل) ццимги бахъуна, Аллагьас гьев рахIматалдаса рикIадги гьавула, ва гьесие цIакъ кIудияб гIазаб хIадурун буго ахираталда.**

Гьаб аяталъул хIукму насхо гьабичIеб бугин ва жинца бокьунго бусурманчи чIварав чи абадияб жужахIалда вукIинин абулелги гIалимзаби руго. ЦIакъ ургъизе ккела бусурман чи чIвалелда ццеве. Гьаб заманаялъ гьаб масъалги щибго кIвар гьабичIого тун буго. Гьаб Аллагьасул рахъалъан бугеб гучаб хIинкъи кьей буго бокьун: ай хатIалъи гьечIого, къасд гьабун, жинца муъминчи чIварав чиясе.

Цоги гIалимзабаз абуна: гьав чи даимаб жужахIалда вукIуна жинца муъминчи чIвазе хIарамаб гьечIин, гьев чIвазе бегьулин абун хIукму гьабун муъминчи чIвараб мехалъ. Гьав чи капурлъула гьедин хIукму гьабураб мехалъ ва гьесие ахираталда абадияб гIазаб букIула. Кин бугониги инсанас гьарулел мунагьазул бищунго кIудияб мунагь буго муъминчи чIвай, Аллагьасде ширк гьабун цоги жоялъе лагълъи гьабиялда хадуб кIудияблъун жиб бугеб.

Аллагьасул Къуръаналда жанир аятал руго ширкги муъминчи чIвайги цадахъ бицарал, ва гьеб Аллагь (عز وجل) тIаса лъугьунареб кIудияб мунагь букIиналда тIоритIел гьабулел.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалги цIакъ гIемерал руго чи чIвай хIарамаб букIиналъул бицунел.

**94. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул диналъе гIоло гъазават гьабизе сапаралда рахъараб мехалъ, нужеца хIакъикъат лъачIого гIадамал чIваге. Ва нужее исламалъул салам кьурав чиясда нужеца абуге мун муъминчи гьечIин,** дуца нижедаса хIинкъун, дурго напс цIунун

кьураб буго гьеб салам абун. Цинги нужеца гьев чи чIваге. **Гьев чIваялдалъун гьесул боцIи нужее щвезе бокьун.**


Гьеб цIакъ хехго тIасан унеб дунялалъул магIишат буго, **Аллагьасда (عز وجل) аскIор руго нужее цIакъ гIемерал гъаниматал ва давлаби:** КIудияб ажро кириги, нигIматазул рукъльун бугеб алжанги.

**Нуж гьанжеялдаса церехун купруялда рукIана, ва нужеда шаргIиял ахIкамалги лъалел рукIинчIо, ва нужеца цо-цазе зулму ва къварилъи гьабулеб букIана.**

Аллагьас (عز وجل) нужеда цIоб - рахIмо гьабуна, ва нуж исламияб диналда тIоритIана. **Гьадин бугелъул нужеца хехлъи гьабуге гIадамал чIвазе ва зулму гьабизе.** Нужеца хIакъикъат цIехе! **Гьедин гIедегIун чи чIвани гьев чи муъминчи вукIине бегьула ва нуж кIудияб мунагьалде ккола.**

**ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб гIамал жинда лъалев вуго.** Ва нужее гьел гIамалазда данде жаза гьабулевги вуго.

Гьаб аят рештIине гIилла букIана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цо къокъа гъазаваталда битIараб мехалъ, гьел асхIабзабазул цояс шагьадат битIун хадув цо чи чIвана. Гьаб хабар аварагасда бахиндал, дов асхIабас (ра) абуна: «Я расулаллагь ﷺ! Гьесул шагьадат битIи букIана жив чIваялдаса хIинкъун бугеб»- абун. Цоги батIияб сабабги бицана гьаб аят рештIиналъе, амма хIасил цо буго.




**95. Жидее щибго гIузроги гьечIого рукъор гIодор чIун ругел муъминзабиги, Аллагьасул (عز وجل) нухда жидер боцIудалъун ва нафсаздалъун гъазават гьабулел ругел гIадамалги** иманалъулъ, ва ажро - кириялъулъ цо-цада ращад рукIунаро. **Жидер боцIиялдалъун, ва нафсалдалъун жигьад гьабулел гIадамал Аллагьас (عز وجل) хира гьаруна, ва тIокI гьаруна, жидее гIузро гьечIого рукъор чIун ругел гIадамаздаса, гIемераб хиралъи ва тIокIлъи кьун. Жигьад гьабизе рахъаразе, ва гIузро букIун рукъор чIарал муъминзабазе Аллагьас (عز وجل) ахираталда алжаналъул нигIматал рукIине ругин абун къотIи гьабун буго:** гьез иман лъун гьарурал лъикIал гIамалазда данде жазалъун. **Ва амма Аллагьас цIакъго тIокI гьарун руго, ва кIудияб ажроги кьезе буго жидеца жигьад гьабулел муъминзабазе, рокъор гIодор чIарал муъминзабада данде ккун.**

**96. Аллагьас (عز وجل) гьел мужагьидазе алжаналда жанир тIадегIанал даражаби гьарула, Аллагьасул мунагьал рахчиги, гьев гурхIиги гьезие букIуна. ХIакълъунго Аллагь жинца мунагьал рахчунев, жив гурхIунев вуго.**

ШаргIияб гIузро букIун рукъор чIарал, ва амма гъазаваталда рахъине жидер гъираги бугел муъминзабазул хIакъалъулъ хIадисал руго гьезие хиралъи, ва кири бицарал. Бухарияс Анас (ра) асхIабасдаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул расулас ﷺ абуна:

*«хIакълъунго Мадинаялда цо гIадамал руго: нуж кинаб нухалъ хьваданиги, щиб кIкIал къотIун нуж аниги, гьел гIадамал нужгун цадахъ рукIуна гьеб гъазаваталъулъ»- абун. АсхIабзабаз (ра) абуна: «жал Мадинаялда гIодор чIун рукIингун цадахъ гьеб кин букIунеб я Расулаллагь ﷺ»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «битIараб буго», гьел гIодор чIезаруна жидее гIузро букIун, гьеб гIузраялъ»* - абун.

**97. ХIакълъунго гьел гIадамал, малаикзабаца жал хвезарурал, гьез жидерго напсазе зулмуги гьабун бугеб хIалалъ:** жал мушрикалгун цадахъ ширкалъул ватIанлъун бугеб Маккаялда чIун, ва исламалъул ватIанлъун бугеб Мадинаялда гьижра гьабичIого.

**Гьал гIадамазда Малаикзабаца абула: «Нуж щиб диналда рукIарал?» абун. Гьез абула: «ниж Маккаялъул ракьалда рукIана нижер исламияб дин загьир гьабизе рес гьечIого»-абун.** Ниж дагьал гIадамал рукIана, мушриказ нижее гIакъубаги гьабулеб букIана.

**Малаикзабаз абула: «Аллагьасул (عز وجل) ракь цIакъ гIатIидаб буго гурищ нуж гьижра гьабун ине»**-абун. Цогидал муъминзабигIадин нужги щай инчIел гьеб ширкалъул ракьалдаса нужее дин гьабизе рес бугеб цоги бакIалда. **Гьал гIадамал руго жидер руссунеб бакI жагьаннама бугел, ва гьеб жагьаннама цIакъ квешаб бакI буго жинда руссине.**


Гьаб аяталдаса хIукму босула купру-ширкалъул ракьалда муъминзаби чIезе хIарамаб букIиналда, тIобараб хIалалъ, загьирго, жиндир дин гьабизе рес гьечIони. Гьев чи жинца нафсалъе зулмо гьабулев вуго, хIарамаб жо гьабулевги вуго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисги буго *«Мушрикасда цадахъ чIун, гьесулгун хурхен гьабурав чи гьев мушрикасда релълъун вуго»* - абун. (Абу Давудица бицана гьаб хIадис).

**98. Гьел гIадамазе гьечIо мунагь-хIакъ, гьижра гьабун рахъине рес гьечIого Маккаялда хутIарал: бихьинал рукIаниги, руччаби ва лъимал рукIаниги. гьенисан къватIире рахъине сабабал рекъезаризе жидер щибго хIалкIолъи гьечIел, ва жидеда гьижра гьабун унеб нухги лъаларел.**

**99. Гьал гIадамал руго жидедаса Аллагь (عز وجل) тIаса лъугьуналда хьул бугел. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) тIасан лъугьунев, жинца мунагьал рухчунев вуго.**

**I00. Аллагьасул диналъе гIоло гьижра гьабун къватIиве вахъарав чиясда ракьалда тIад гIемераб жив цIунулеб ва тушман гIодогIан гьавулеб бакI батизе буго, магIишат гьабизе ресги батизе буго. Аллагь ва авараг разилъи тIалаб гьабун ватIан тун, гьижра гьабун къватIиве вахъарав чи, цинги нухда унаго жив хварав, гьав чиясе ажро Аллагьасда тIад буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца муъминзабазул мунагьал чурулев, ва дунял-ахираталда муъминзабада жив гурхIулев вуго.**

**I0I. Нуж ракьалда тIад сапаралъе къватIир рахъараб механъ:** гъазаваталда рукIаниги, даран-базаралда рукIаниги батIалъи гьечIо. **Нужеца как къокъ гьабун банин абун нужее мунагь гьечIо, нужее тушманасдаса къварилъи щвела абун нуж хIинкъани. ХIакълъунго капурзаби нужее тушбаби руго, гьеб тушманлъи нужеда загьирго бихьинабулелги руго.**




Ибнукасирица гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: Жинда Аллагь разилъаяв АбугIайшица абуна: Аллагьасул аваргун цадахъ ниж рукIана. «ГIуспан» абулеб бакIалда гъазаваталда. Нижеда рихьулеб бакIалда муширказул боги букIана Халид бину Валидил амирлъиялда гъоркь.

Гьаб букIана къалъул как балеб заман. Муширказ цо-цазде абуна: гьанже гьев МухIаммадил ﷺ асхIабзазда (ра) тIад бачIине буго как балеб гIуж: гьезие жидер лъималаздасаги, боцIиялдасаги хирияб абун. Ай: гьел какалъ кинабго жоялдаса машгъул гьарула абураб магIна. Цинги хирияв аварагасда Жабраил (гIв) вачIана гьаб аятги босун. (I02 аят)

**I02. Нуж тушмангун рагъулел ругони, ва как базе мехги щун бугони, дуца МухIаммад ﷺ, мунгун цадахъ цо къокъа какде бахъинабе, ва гьезда кодоб ярагъги букIа абе. Цинги нуж суждаялда араб механъ нужеда нахъа бусурбабазул цо къокъа рахъун чIун рукIа, тушманасда балагьун. Хадуб цоги къокъа бачIа дуда хадуб как базе, жидеца мунгун цадахъ авалаб ракагIат бачIел, ва гьез мунгун цадахъ как бай, ва ярагъ цадахъ босун тушманасдаса цIунун рукIа.**

**Капурзабазе бокьун букIуна нуж нужер ярагъалдаса, ва къайи-матагIалдаса гъапуллъизе, цинги нужеда тIаде кIанцIине хехаб, ва гучаб кIанцIиялъ. Нужее цо зарал бугони: цIад балеб букIун, унтарав чи вукIун, цинги ярагъ гIодоб лъунин абун нужее мунагь гьечIо. Нуж кидаго цIодорлъиялда рукIа. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) капурал гIадамазде цIакъ гучаб, гьел гIодорегIан гьарулеб гIазаб хIадурун буго.** Гьалда

абула хIинкъи бугеб бакIалда балеб как абун. Гьалъул чанго батIияб къагIида буго ва имамас щибаб бакIалда данде кколеб хIалалъ бала как.


**I03. Как бан тIубараб мехалъ нужеца Аллагь (عز وجل) гIемерав рехсе киналго хIалазулъ: рахъун чIун, гIодор чIун, хьибил чIван регун ругеб хIалалъ. ХIинкъи тIаса ун хIалхьон ругеб мехалъ, нужеца паризаяб как бай киналго шурутIал тIуран, Аллагьасе хIелун. ХIакълъунго как буго муъминзабада фарз гьабураб, жиндир арканал-шурутIал мухIкан гьарун, ва гIужалги баян гьарун.** Гьеб как кидаго тезе бегьуларо ва ахираталда бищун ццебе паризаяб как киндай тIубан бугоян хал гьабула муъминчиясул.

**I04. Тушманасда хадур лъугьине, ва гьесда рагъ гьабизе нуж хIинкъуге, ва загIиплъуге. Нуж рагъда ругънал щун, гьел унтун рукIунел ратани, нужер тушбабиги руго гьебго хIалалъ жидеда ругънал щолел, ва гьезиеги ругъунал унтулел.** Ва амма нужее тIокIлъи буго: нуж Аллагьасда божарал рукIин, нужее квербакъи гьабиялда, ва ахираталда алжаналда хьул лъун рукIин. Гьаб жо капуразе букIунаро; гьел цохIого дунялалъул чIаголъиялъе гIоло рагъулел рукIуна, гьел хвалдаса хIинкъунги рукIуна. Гьадинал батIалъаби руго нужеда гьоркьор, ва нуж рагъда хIинкъизе кколеб гIузро гьечIо, ва сабабги гьечIо.

**ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужер киналго гIамалал, ва ниятал жинда лъалев вуго,** ва жинца гьабулеб хIукмуялъулъ гIадилав вуго, **лагьзадерие маслахIат бугеб хIукму гьабулев хIаким вуго.**

**I05.** Гьаб аят рещтIинабиялъе сабаб бицана: ансариязул тIугIмат абулев чияс мадугьаласул къолден бикъана ва ханжу жаниб балеб таргьиниб лъун цо ягьудиясухъе щвезабуна. Гьеб таргьа багьараб букIун, ханжу гIодоб ун, гьелъул мухъалда хадур индал, къолден ягьудиясухъ батана ва гьес бицана жиндихъе гьеб тIугIматица щвезабураблъи. Гьес инкар ккведал жинца къолден бикъичIин абун ва гьесул гIагарал гIадамаз абидал нилъгъ расулуллагьасухъе ﷺ ине ругин ва гьесда абизе бугин тIугIат гIайбав гьечIин абун, тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб аят рещтIинабуна:

**ХIакълъунго дица дуда Къуръан рештIинабуна, МухIаммад ﷺ хIакъаб исламияб дин баян гьабун, дуца гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабизе Аллагьас (عز وجل) дуда бихьизабураб ва лъазабураб хIалалъ. Ва мун вукIунге жидеца хиянат гьабулел гIадамазул рахъккун гьезие гIоло цогидазда кIалъалевлъун.**




**I06. Дуца Аллагьасда (عز وجل) гьаре дур мунагьал рахче абун. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчунев, ва жив гурхIулев вуго.**

**I07. Дуца гIадамаздехун дагIба-къец гьабуге жидеца гIасилъаби ва хиянат гьабулел гIадамазул рахъккун. ХIакълъунго Аллагьасе (عز وجل) вокьуларо гIорхъолъан борчIараб хиянат гьабулев, ва мунагьазулъги гIасилъиялъулъги тIерхьун вукIунев чи.**

**I08. Жидеца гьарулел къабихIал гIамалал гIадамаздаса рахчулел руго гьел хиянатал гIадамаз, Аллагьасдаса (عز وجل) нечолел гьечIо, ва гьесдаса хиянат бахчулеб гьечIо. Гьев Аллагь гьелгун цадахъ вукIуна жидеца Аллагь разилъулареб, квешаб рагIи бицизе къасд гьабулеб мехалъ: рацIцIадал гIадамазда бугьтан лъей гIадаб, гьерисияб нугIлъи гьаби, ва гьересияб гьа гьедиги. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьезул кинабго гIамалалда сверун лъугьарав вуго**

**I09. Я гьаб къавм! Гьаб дунялалда нуж хиянатал гIадамазул рахъккун кIалъана. Къиямасеб къоялъ Аллагьасда (عز وجل) цеве чIун гьезул рахъккун кIалъазе кIолев чи щивха вукIине вугев? Яги гьезие квербакъулев, гьездаса гIазаб нахъе чIвалев вакил, ва вали щив вукIине вугев?** Щивго вукIунаро гьезие кумек гьабулев, ва гьездаса гIазаб нахъчIвазе кIолев.

**II0. Жинца квешаб гIамал гьабурав чи,** гIадамазе къварилъи - зарал бугеб жо гьабун**, яги жиндирго напсалъе зулмуо гьабурав, цинги гьеб гIамалалда рекIекълъун, тавбо гьабун, Аллагьасдаса мунагьал рахчи тIалаб гьабурав,- гьав чиясда Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчулевлъун, ва жив гурхIулевлъун ватизе вуго.** Жиндир тавбо къабул гьабун, мунагьал чурун, хадусеб гIумруялда лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъ гьабун, ахираталда алжан насибавлъун гьавила.

**III. Жинца мунагь гьабулев чи жиндирго напсалъе зарал гьабулев чи вуго, ва гьелъул балагь-къварилъи гьесда тIад буссула. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда лагъзадерил гIамалал лъалев вуго, ва гьезие гьабулеб жазаялъулъ хIакимав вуго.**

**II2. Жинца гьитIинаб мунагьниги, кIудияб мунагьниги гьабурав чи, цинги гьеб мунагь щибго гIайиб гьечIев чиясда тIад рехарав,- гьев чи вуго жинца цIакъ кIудияб мунагь баччарав, ва бугьтанги гьабурав.**

Гьаб чанго аят буго (I05-II2 аятал) ТIугIман бину Убайрикъ абулев чияс Къатадат бину НугIманил рокъосан къолден бикъун, цинги жив цIогьор вукIин лъаялда хIинкъун, ва гьеб цIогь цогиясда тIад реххизе хIилла ургъун хиянат гьабиялъул бицараб. Киналго жидеца хиянат гьабулел чагIазе бугеб хIукму буго гьал аятазда жаниб.

**II3. Дуда ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) цIоб-рахIмат букIун, гьес мун мунагьаздаса цIунарав вижун вукIинчIев ани, гьел гIадамазул цо къокъаялъул къасд ккун букIана мун хIакъаб диналдаса хъуштIизавизе:** гьереси бицун, жидер хиянатав чи вацIцIадав вуго абун, мун божизавун, гьев хиянатчи дуца вацIцIадав гьавизе бокьун букIана гьеб къокъаялъе. Аллагьас (**عز وجل**) мун гьезул макроялдаса цIунана.

**Гьел гIадамаз жидерго напсал руго хIакъаб жоялдаса хъуштIизарун, ва гьел гIадамаз дуе щибго жоялдалъун заралги гьабуларо. Аллагьас (عز وجل) дуда Къуръанги рештIизабуна, гIелму-гIакълоги кьун муъминзабазе битIараб нух лъолевлъунги гьавуна. Ва дуда лъалеб букIинчIеб гIелмуги лъазабуна.**


Исламияб диналъул ахIкамал лъазаруна ва Аллагьасул балъгоял умураздаса цо-цо жоги лъазабуна.

**Гьадин мун хира гьавиялъулъ Аллагьасул рахъалъан бугеб кIудияб цIоб букIана:** дуда Къуръан рештIинаби, мун расуллъун гьави, дуда уммат тIобитIулеб хIакъаб нух малъи, дур чорхол тIабигIатал кинабго рахъалъан лъикIал, ва тIокIал рукIин.

==========

Аллагь разилъаял Абузарри Жундабу бину Жунадат ва АбугIабдурахIмани МугIаз бину Жабали, гьав кIиявго асхIабасдаса хIадис бицана:

***Аллагьасул Расулас ﷺ абуна: «Мун киве вугониги Аллагьасдаса хIинкъа, цо мунагь-хатIаъ ккарабго гьелда хадуб цун лъикIаб гIамал гьабе, гьелъ квешаб гIамал хвезабула. ГIадамалгун берцинаб тIабигIадалда хьвади гIадатлъунги гьабе»-абун**. (ай кидаго гIадамаздехун тIабигIат - гIамал берцинавлъун вукIа).*




**II4. ГIадамаз балъго жидеда гьоркьор рицунел гIемерисел харбал гьезда жаниб лъикIлъи гьечIел руго. ЛъикIаб хабар букIула мискин-пакъирасе садакъа кьеялдалъун, хIакъаб жоялдалъун амру гьабиялдалъун, гIадамазда гьоркьоб маслахIат гьабиялдалъун бугеб. Гьаб лъикIаб гIамал Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун жинца гьабурав чиясе дица цIакъ кIудияб ажро кири кьела. Гьебги ахираталда букIунеб нигIматазул алжан буго.**

**II5. Аллагьасул расул ﷺ вукIиналда тIоритIел гьабулел мугIжизаталги рихьун, аварагасда иман лъун вукIарав чи, гьесдаги хилиплъун, гьесул амруялда мутIигIлъичIого муъминзабазул нух гуреб рахъалда араб мехалъ, дица гьев жинца тIаса бищараб пасадаб нухда тела, ва ахир жужахIалдаги лъугьизавила. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI буго гьеб жагьаннама.**

**II6. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндехун ширк гьабиялъул мунагь чуруларо. Гьеб ширк тун батIияб мунагь чурула Аллагьас, жиндие бокьарав чиясул: тавбо гьабун, мунагьазда рекIекълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясул. Аллагьасдехун ширк гьабурав чи баянабго къосиналъ къосарав вуго, ва хIакъаб нухдасаги, бахьи буголъиялдасаги цIакъ рикIкIалъарав чи вуго.**

**II7. Гьел муширказ Аллагьги (عز وجل) живго тун жидее лагълъи гьабулел алагьзаби гьечIо гьез гьарурал хъанчал гурони, жидеда руччабазул цIаралги лъурал. (лат, гIузза, манат абун). Ва гьез лагълъи гьабулеб жо гьечIо жиб къосиналъул гIорхъолъан борчIараб, жинца гIадамалги къосизарулеб шайтIан гурони.**

**II8. Аллагьас (عز وجل) жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьабуна гьеб шайтIан. Цинги шайтIаналъ абуна дица дур лагъзадеридаса цо къокъа гьабилин дида нахъ билълъунеблъун абун:** жиб лъалеб, жиндие къадар чIезабураб къокъа буго гьеб. Къатадат абулев гIалимас абуна азарго чиясдаса цо чи алжаналда унев вукIина, хутIарал киналго шайтIаналъ гуккулел, къосизарулел рукIина абун.

**II9.** Хадубги гьеб шайтIаналъул ргIи бицун Аллагьас абулеб буго: **Дица гьел гIадамал цIакъ къосинеги гьарила абун гьедулеб буго шайтIан. Дица гьезул ракIазулъ хьул халалъиги лъела.** Гьересиял, рукIунарел, лъугьунарел, хьулазда хадур хьвадизарила гьел, дунялалда даимго рукIунел гIадин, ахират ракIалда щвезе течIого.

**Дица гьезда амру гьабун варанабазул гIундул къотIизе тIамила, ва цогидалги хIайваназул гIундул къотIизе, ва гьезда гIуж гьабизе тIамила. Ва дица амро гьабун гьел гIадамал Аллагьас бижараб сипат, ва куц-рахъ хисизабизе тIамила.**


ХIайваназул балъ гьабун, гьурмазда гIужал гьарун, жидерго черхалда тIад суртал, ва накъишал гьарун. ГIолохъанал гIадамаз гIемер гьабулеб, хадуб гьел рекIекълъулеб квешаб гIамал буго гьаб черхалда тIад накъишал гьари, ва суратал рахъи.

**Гьадин жиндир БетIергьан Аллагьги (عز وجل) живго тун, нужедехун тушманлъи загьираб шайтIан гьудуллъун ккурав чи, цIакъ жив чIового хутIарав вуго: жиндир дунялги ахиратги хварав вуго:**

**I20. ШайтIаналъ гьел гIадамазе батIибатIиял къотIаби гьарула, ва гьезул хьулалги халат гьарула. Ва амма шайтIаналъ гIадамазда малъулеб, ва гьезие къотIи гьабулеб жо букIунаро гьел гукки гуреб, ва къосинариги гуреб.**

**I2I. Гьал шайтIаналда нахърилъун рукIун тавбо гьабичIого хварал гIадамал руссунеб бакI жагьаннама буго. Ва жидее гьеб жужахIалдаса рорчIине ва лъутине бакI батуларо ва букIунаро.**

**I22. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул аварагасда ﷺ иман лъурал гIадамал, хадуб лъикIаб гIамал гьабунги хьвадарал, - дица гьал гIадамал ахираталда алжаназда жанир лъугьинарила: жидеда жаниса лъарал-гIорал чвахулел. Даимго рукIинелъун лъугьинарула гьел алжаназда. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) хIакъаб къотIи буго гьаб. Гьесдаса жиндир рагIиялъулъ ритIухъав, ва къотIи тIубалев чи щивха вукIунев?** Щивго вукIунаро, Аллагьасул къотIиги жиндие щибго хилиплъи гьечIеб буго.




**I23. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) къотIи гьабураб кириги, алжанги нужер хьулаздалъун букIунаро нужее, я гьал муъминзаби. Жидехъе тIехь рештIинабураб агьлоялъул хьулаздалъун гьезиеги рукIунаро гьал хиралъаби ва ажро-кири.** Иман лъейи букIунаро гьезул хьулаздалъун, иман букIуна гьезул ракIазулъ бугеб жоялдалъун, ва гьеб рекIелъ бугеб жо гIамалалдалъун ритIухъги гьабураб мехалъ. Цо къавм буго жидер хьулаца гуккарал, щибго лъикIаб гIамалги гьабичIого дунял тун арал, ва жидецаги абулеб букIарал нижеца Аллагьасда (**عز وجل**) занно (пикру) лъикI гьабулин абун. Гьаб рагIи гьересияб рагIи буго: гьез Аллагьасда занно лъикI гьабун букIарабани гьез лъикIаб гIамалги гьабизе букIана.

**Цо чияс щиб квешаб гIамал гьабун бугониги, дица гьелда рекъараб жаза гьесие гьабизе буго. Ва цониги чи вукIунаро гьесие валилъи гьабулев ва квербакъулев.**

**I24. Жинца Аллагьасда (عز وجل) ва аварагасда ﷺ иманги лъун лъикIал гIамалал гьарурав чи, бихьинал ругониги, руччаби ругониги, - гьал руго алжаналда жанир лъугьунел гIадамал. Гьезие цохIо зарагIадаб зулмуги гьабуларо.**


**I25. Жиндир диналъул рахъалъан бищунго берцинав чи вуго жинца мутIигIлъун Аллагьасде (عز وجل) гьумер буссизабурав чи. Цинги жинца лъикIаб гIамалги гьабулевлъун вугев, ва Ибрагьимил (гIв) диналда нахъвилъулъун, киналго батIулал, мекъал диназдаса вуссун чIарав чи. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Ибрагьим авараг жиндир халиллъун гьавуна.**

Ибрагьим (гIв) аварагасул Аллагьасе (**عز وجل**) мутIигIлъи, тIагIат-гIибадат гIемер гьаби букIана Аллагьас Ибрагьим жиндир халил вугоян абиялъе сабаблъун. Халил абураб рагIиялъул магIна буго: рекIел гьудул, цIакъ вокьулев, вацIцIадав абураб. Гьев Ибрагьимил (гIв) миллаталъул рукIине бищунго мустахIикъал руго МухIаммадил ﷺ умматалъул муъминзаби.

**I26. ТIадегIанав Аллагьасул мулк буго зобал ракьал, ва гьелда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) кинабго жоялда сверун лъугьарав вуго. Жиндир къудраталдалъун ва гIилму-лъаялдалъун. Гьесда бихьиларо, лъаларо абун ракIалда ккун щибго жо гьбуларо муъминчияс.**

**I27. Муъминзабаца дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, руччабазул хIакъалъулъ. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Аллагьас (عز وجل) баян гьабун буго нужеца гьикьулеб жо, ва жиндир Къуръаналда жаниб гьелъул хIукму рештIинабун буго: ирсалъул, ва васияталъул аятазулъ. Ва гьел ятимал ясазул баянги бицана: нужеца руччабилъун рачунел, ва жидее магьариги кьоларел. Нужеда божун хутIарал гIисинал, загIипал лъималазе къварилъи гьабугеянги лъазабуна нужеда Аллагьас (عز وجل). Эмен хун хутIарал ятимазул валияс гьезие букIине кколеб хIакъ тIубан шаргIалда витIун хьвадеянги амру гьабулеб буго Аллагьас нужеда.** Жагьилияб заманалъ гIарабияз гIисинал лъималазе ва руччабазе ирс кьолеб букIинчIо. Аллагьас гьеб жагьилияб гIадат хвезабун ирсалъул аятал рештIана, ва лъималазеги, руччабазеги кьезе кколеб бутIа парз гьабуна.

**Нужеца гьабулеб лъикIаб щинаб жо:** гьел руччабазул, гIисинал лъималазул, ва ятималзул хIукъукъал тIубан, ва гьезие кумек гьабун, гьезда гурхIел гьабун; **гьеб кинабго жо Аллагьасда лъала, ва гьелда данде нужее лъикIаб жазаги гьабула Аллагьас.**




**I28. Цо чIужу хIинкъани жиндир рос гьелда квеш валагьила абун, гьес жий реххун тела абун, цинги гьал рос-лъадиялъ жидеда гьоркьоб цо маслахIат бугеб жо гьабуни, ригьин бихичIого букIине, ва жидер хIалги лъикI букIине, гьеб маслахIат гьабизе бегьула, ва гьелдалъун гьезие щибго мунагь - хIакъги гьечIо.**

**Гьадин маслахIат гьаби лъикI буго гьезул ригьин биххиялдаса. Инсанасул напс буго цIакъ бахиллъиялда бижараб, гьелда ругьунаб.** ЧIужуялъеги кIоларо жиндие кколеб напакъа-ретIелги сордо бикьиги тIаса лъугьун тезе. Росасеги кIоларо гьей чIужу жиндие ёкьун гьечIониги гьелъие Аллагьасул (عز وجل) шаргIалда рекъарал хIакъал тIуразе. **Нужеца руччабазе лъикIлъи гьабун гьезде берцинаб бер балагьи гьабуни ва нуж Аллагьасдасаги (عز وجل) хIинкъани гьезие къварилъи гьабизе, хIакълъунго Аллагь нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъалев вуго. Ва нужер гьеб лъикIаб гIамалалда данде нужее ажро-кири гьабулевги вуго.**

**I29. КкигIанго нужеца яхI бахъулеб бугониги нужер хIалкIоларо шаргIалда рекъон руччабазда гьоркьоб гIадло ва башалъи гьабизе**. Инсанасул жинда хIал кIолареб жо буго рекIел рокьи, ва нафсияб гьетIи. Гьедин бугелъул гьездахун рекIел гъей, нафсалъул хIажат тIубай башад гьабизе кIоларо. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас руччабазда гьоркьоб гIадло башад гьабулеб букIана сордо бикьиялъулъ, цинги жинца абулеб букIана; *«Я дир БетIергьан Аллагь! Гьаб буго дир сордо бикьи дир хIал кIолеб жоялъулъ, дуца дида гIайиб чIваге дур ихтияралда бугеб, дир жинда хIал кIолареб жоялдалъун»* - абун.

**Гьаб амро гьадин бугелъул: нуж тIубанго цояй чIужуялда гьетIун, гьелда аскIов чIун вукIунге, ва цогияй реххун тун вукIунге: цинги гьей чIужу дур чIужуго гьечIей гIадин йикIуна ва цоги росасе ине ресги гьечIого жиндие зулму гьабурай йикIуна. Нужеца церехун ккарал мунагьазда тавбо гьабун лъикIаб гIамал гьабуни, хадусеб гIамалалъулъги нуж Аллагьасдаса хIинкъун хьвадани, хIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчулев вуго, ва жив муъминзабада цIакъ гурхIулев вуго.**


**I30. Цоцада рекъечIого рос-лъади ратIалъани, хIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьезул щивав цоясе жинца ризкъи кьолев вуго, ва гьезие гIатIилъи гьабулевги вуго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир гурхIел-рахIмат ва цIобал гIатIидав вуго, лагъзадерие гьабулеб тадбиралъулъ хIакимав вуго.**

**I3I. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) буго, зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат (бижанщинаб жо): гьесул мулк буго гьеб. ХIакълъунго дица васият гьабун букIана нужедаса цебе жидехъе тIехь кьурал китабиязда, ва гьанже нужедаги васият гьабулеб буго нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа абун, ва гьесие тIагIатги гьабе абун. Нужеца Аллагьасда (عز وجل) инкар ккуни, ва гьесие мутIигIлъиялдаса руссани, хIакълъунго гьев Аллагьасе (عز وجل) буго зобал- ракьазда бугеб кинабго махлукъ. Аллагь жив бечедав вуго, ва жив вещцарав вуго.**

**I32. ТIадегIанав Аллагьасул мулк буго зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат ва гьев Аллагь (عز وجل) гIезе вуго лагъзадерил гIамалазул вакиллъун: жинца гьел гIамалал цIунулев, ва ахираталда гьел гIамалазда рекъараб жаза гьабулев.**

**I33. Аллагьасе бокьани нуж гьаб ракьалдаса инарилаан я гьал гIадамал! Гьалаг гьарун тIагIизарилаан. Цинги нужер бакIалда цоги халкъ битIилаан. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) гьеб иш гьабизе хIал кIолев вуго.**

**I34. Жиндие дунялалъул чIаголъи бокьун щив чи вугониги, Аллагьасда аскIоб буго дунялалъул ва ахираталъул чIаголъи ва лъикIлъи. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинда лагъзадерил рагIи рагIулев, ва гьезул гIамалал рихьулев вуго.**


الجزء الخامس سورة النساء
يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ كُونُواْ قَوَّٰمِينَ بِٱلْقِسْطِ شُهَدَآءَ لِلَّهِ وَلَوْ
عَلَىٰٓ أَنفُسِكُمْ أَوِ ٱلْوَٰلِدَيْنِ وَٱلْأَقْرَبِينَ ۚ إِن يَكُنْ غَنِيًّا أَوْ فَقِيرًا
فَٱللَّهُ أَوْلَىٰ بِهِمَا ۖ فَلَا تَتَّبِعُواْ ٱلْهَوَىٰٓ أَن تَعْدِلُواْ ۚ وَإِن تَلْوُۥٓاْ
أَوْ تُعْرِضُواْ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا ﴿١٣٥﴾ يَٰٓأَيُّهَا
ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ ءَامِنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَٱلْكِتَٰبِ ٱلَّذِى نَزَّلَ
عَلَىٰ رَسُولِهِۦ وَٱلْكِتَٰبِ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ مِن قَبْلُ ۚ وَمَن يَكْفُرْ
بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ وَٱلْيَوْمِ ٱلْءَاخِرِ فَقَدْ ضَلَّ
ضَلَٰلًۢا بَعِيدًا ﴿١٣٦﴾ إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ثُمَّ كَفَرُواْ ثُمَّ ءَامَنُواْ ثُمَّ
كَفَرُواْ ثُمَّ ٱزْدَادُواْ كُفْرًا لَّمْ يَكُنِ ٱللَّهُ لِيَغْفِرَ لَهُمْ وَلَا لِيَهْدِيَهُمْ
سَبِيلًۢا ﴿١٣٧﴾ بَشِّرِ ٱلْمُنَٰفِقِينَ بِأَنَّ لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٣٨﴾ ٱلَّذِينَ
يَتَّخِذُونَ ٱلْكَٰفِرِينَ أَوْلِيَآءَ مِن دُونِ ٱلْمُؤْمِنِينَ ۚ أَيَبْتَغُونَ
عِندَهُمُ ٱلْعِزَّةَ فَإِنَّ ٱلْعِزَّةَ لِلَّهِ جَمِيعًا ﴿١٣٩﴾ وَقَدْ نَزَّلَ عَلَيْكُمْ فِى
ٱلْكِتَٰبِ أَنْ إِذَا سَمِعْتُمْ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ يُكْفَرُ بِهَا وَيُسْتَهْزَأُ بِهَا فَلَا
تَقْعُدُواْ مَعَهُمْ حَتَّىٰ يَخُوضُواْ فِى حَدِيثٍ غَيْرِهِۦٓ ۚ إِنَّكُمْ إِذًا مِّثْلُهُمْ ۗ
إِنَّ ٱللَّهَ جَامِعُ ٱلْمُنَٰفِقِينَ وَٱلْكَٰفِرِينَ فِى جَهَنَّمَ جَمِيعًا ﴿١٤٠﴾
١٠٠

**I35. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж рукIа битIараб жоялда цIакъ тIад чIараллъун. Аллагьасе (عز وجل) гIоло нугIлъи гьабулелги рукIа: нужее рокьаразла цIай гьабичIого, дунялалъул чIаголъиялъе гIоло нугIлъи гьабичIого. Нужеца нугIлъи Аллагьасе (عز وجل) гIоло гьабе нужеего заралалъе бугониги, яги нужер эбел-инсуе, ва гIагарал гIадамазе заралалъе бугониги.** ХIакъаб жоялъе щибго батIалъи букIине бегьуларо жиндие зарал кколеб бугониги. ШаргIалда рекъон Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьабизе ккола нугIлъи.

**Жиндие нугIлъи гьабулев чи бечедав вукIаниги, пакъирав вукIаниги, Аллагь (عز وجل) жинда лъикI лъалев вуго, гьезие маслахIатаб жо**: цоязда гурхIун абун, цоязе хIелун абун, нужеца нугIлъи хисизабуге.

**Нужерго гьаваялда, гIакълуялда нахърилълъун, гьадин гьабуни лъикIин абунги нугIлъи хисизабуге.**

**Нужеца нугIлъи гьабулаго гьереси бицани, яги тIубанго нугIлъи гьабичIого чIани** гьеб лъикI гьечIо: ХIакъаб жоялъе квер бакъун, гIадло битIун гьаби мурадалда, нугIлъи гьаби тIадаб букIуна, ва гьеб нугIлъи гьабизе ахIараб мехалъ нугIлъи гьабизе ине ккола.

**ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъалев вуго,** ва гьелда рекъараб жаза гьабулевги вуго.

**I36. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьасда, ва гьесул расуласда хIакъаб хIалалъ иман лъе. Гьединго хIакъаб, шаклъи гьечIеб хIалалъ иман лъе МухIаммад ﷺ аварагасда рештIизабураб Къуръаналада, ва гьелда цереккун Аллагьас (عز وجل) рештIизарурал киналго тIахьаздаги. Аллагьасда (عز وجل), гьесул малаикзабада, Аллагьасул тIахьазда, ва аварагзабада, гьединго ахир къиямасеб къо букIиналда инкар ккурав чи цIакъ къосарав чи вуго, ва жив хIакъаб нухдаса вахъарав, Аллагьасул тIоритIел жиндие гьечIев чи вуго.**


**I37. ХIакълъунго жидеца иман лъун рукIарал, цинги капурлъарал гIадамал. Хадубги жудеца иман лъун рукIун, цIидасан купруялда арал, ва гьеб купруялда чIарал: гьал гIадамазул Аллагьас (عز وجل) мунагьал чуруларо, ва гьезда тIасаги лъугьуларо, ва гьел битIараб нухдаги тIоритIуларо.** Гьаб аят буго мунафикъзабазул хIакъалъулъ рештIинабураб: жидеца иман лъун, цинги муртадлъарал, цингиги иманлъун, ва гьанжеги муртадлъун, ва гьеб купруялда ругеб хIалалъ жал хварал. Цо гIалимзабаз абуна: Гьаб аят буго Муса (гIв) аварагасда иман лъун рукIарал гIадамаз гьеб иман лъеялдаса руссун бачие лагълъи гьабун капурлъиялъул бицараб. Цинги Мусаде иман лъурал. Гьелдаса хадув ГIиса (гIв) авараг вачIараб мехалъ гьесда инкар ккурал. Цинги МухIаммад ﷺ авараг вачIиндалго жудер инкар кквей цIакъго цIикIарал, ва жидеца гьев МухIаммад аварагасда иман лъечIел гIадамазул бицараб абун.

**I38. Дуца мунафикъзабада рохел бице МухIаммад ﷺ, гьезие цIакъ жинца унтизе гьабулеб гIазаб букIине бугин абун.**

**I39. Муъминзабиги жалго тун капурзаби гьудуллъун кколел, гьезда божилъи гьабулел мунапикъзаби руго жидее гIазаб букIине бугел. Гьел капурзабадаса квербакъи ва жал бергьиналъе кумек тIалаб гьабунищха ругел гьал мунафикъзаби? ХIакълъунго, кинабго**

**кIодолъиги, къуват-гучги ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго. Ва гьесул квербакъи жиндие рокьарал муъминзабазе букIуна.**

**I40. Аллагьас (عز وجل) Къуръаналда жаниб нужеда бицун буго: Къуръаналъул аятал рагIараб мехалъ гьел аятазда капурзабаца инкар кколеб бугин, ва гьел яатал махсародеги гьарулел ругин. Гьадинал гIадамалгун нуж гIодор чIоге. Гьез гьеб къабихIаб гIамал тун цоги хIалалаб хабар бицунеб бугони бегьила гьелгун гIодор чIезе. Аллагьасул калам махсароде гьабулел гIадамазда аскIов гIодов чIарав чи гьезда релъълъун букIуна. ТIадегIнав Аллагьас (عز وجل) капурзабиги мунафикъзабиги киналго данде ракIаризе руго жужахIалда жанир.**




**I4I. Гьал капурзаби ва мунапикъзаби руго нужеда кидалдай балагьал рачIина абун хъаравуллъи ккун ругел. Нужее Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бергьенлъи ва гьанимат (давла) щвани, гьез абула: нижги нужгун цадахъ рукIанагурищ, нижееги кье гьеб гьаниматалдаса бутIа абун. Капурзаби бергьун гьезие роххел щвараб къоялъ, мунапикъзабаца гьездаги абула: нижее рес букIана муъминзабигун цадахъ нужеда рагъизе. Нижеца нуж бергьиналъе сабаб гьабуна, нижее бутIа кье нужее щвараб давлаялдаса абун. Аллагьас хIукму гьабизе буго муъминзабадаги капурзабадаги гьоркьоб къиямасеб къоялъ. Аллагьас (عز وجل) капурзаби муъминзабада тIад бергьинеги теларо дунялалъул рукъалда, ва ахираталда гьезул щибго хIужаги букIунаро муъминзабада данде боцине, ва бицине.**

Ибнуасирица абуна: капурзабазе Аллагьас (عز وجل) цо-цо заманалъ бергьенлъи кьуниги, тIобараб бергьенлъи, ва муъминзаби тIагIинари гьезие кьолеб жо гьечIо. ТIадегIанав Аллагьасул къотIи буго ахир-къадги исламияб дин бергьине, ва лъикIаб ахиратги Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал муъминзабазе букIине.

**I42. ХIакълъунго мунапикъзаби жидеца Аллагь гуккулаян руго:** загьиралда иман лъураллъун чIун, рекIелъ купру букIун. **ХIакъикъаталда Аллагь (عز وجل) вуго жинца гьел гуккарав.** Жидер квешаб гIамалалда гьел даим гьарун, ва халат гьарун, ахирталда гьезие гIазаб цIикIкIизе. Аллагьас муъминзабадаги амру гьабун буго гьел мунафикъзаби чIваге абун, гьезул мунагьал гIемерлъизе. Ва ахираталда гьезие бищунго квешаб, жужахIалъул гьоркьияб тIала гьабун буго жанир чIолеб ва гIазаб гьабулеб бакIлъун.

Аллагьас нилъ рикIкIад гьареги гьаб гIазаб тIад гьабулел гIамалалдаса.

**Гьел мунапикъзаби как базе рахъараб мехалъ цIакъ кIвахIалго рахъула, гIадамазе рихьизе гIоло рахъун чIола гьел жамагIатгун цадахъ как базе, цIакъ дагь гурони Аллагьги (عز وجل) рехсоларо.**

**I43. Мунапикъзаби иманалдаги купруялдаги гьоркьор руго, жал шакдарулеллъун, ва жидер гIакъло гIолареллъун. Муъминзаби руго абун гьалгун рекъон рукIуларо, ва капурзаби руго абун долгун рекъонги рукIуларо. Аллагьас (عز وجل) битIараб нухда тIоритIичIел гIадамазда гьеб нух батуларо ва гьезие бахьибуголъиги щоларо.**

**I44. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца муъминзабиги дорегIан тун капурзаби гьудулзабилъун ккоге! Нужее бокьунищ бугеб Аллагьас (عز وجل) ахираталда нужее гIазаб гьабизе баянаб хIужа - гIилла нужецаго хIадурун тезе?.**


**I45. ХIакълъунго мунапикъзаби жужахIалъул бищун гьоркьияб тIалаялда рукIине руго ва гьезие квербакъулев щивго чи вукIине гьечIо, гьеб гIазаб тIасса босизе яги бигьа гьабизе.**

**I46. Жидеца тавбо гьабун лъикIаб гIамал гьабурал, Аллагьасул (عز وجل) динги ккурал, гьеб дин гьабиялъулъ ширк гьабичIого цохIо Аллагьасе гIибадатги гьабурал - гьал гIадамаздаса**

**Аллагь (عز وجل) тIаса лъугьула ва гьал муъминзабигун цадахъ рукIуна. Ахираталда Аллагьас муъминзабазе цIакъ кIудияб ажро кьезе буго.**

**I47. Аллагьасе (عز وجل) щиб жо букIинеб нужее гIазаб гьабиялдалъун, (щибго букIиларо) Аллагьасда иманлъун, гьесие щукру гьабулеллъун нуж ругеб мехалъ.** Ай гьезие Аллагьас гIазаб гьабуларо. Нужедаса цIим босулев гьечIо Аллагь (**عز وجل**), яги нужедаса жиндие щвараб зарал борхулев гьечIо. Гьединго нужее гIазаб гьабун жиндие мунпагIат букIунев гьечIо. Ай, Аллагьас ( **عز وجل**) гIазаб гьабуларо муъминзабазе, гьелъул гIаксалда нужер дагьаб лъикIаб гIамалалда данде гIемераб ажро кьола Аллагьас.

**ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) лагъзадерил лъикIаб гIамалалда шукру гьабулев вуго, гьелда данде гIемераб ажро гьабун. жинда кинабго гIамал лъалевги вуго.**




**I48. ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) бокьуларо гIадамаз къабихIаб жо загьир гьабун бицине, ва цоцазе квешаб дугIа гьабизеги. Жиндие зулмо гьабурав чияс бегьила жинца зулмо гьабурасе квешаб дугIа гьабизе, ва жиндие гьабуралда релъараб зулму гьабизе. ХIакълъунго Аллагь ( عز وجل) нужер ргIи ргIулев, ва нужер гIамалал жинда лъалев вуго:** Залимас гьабураб зулму лъала Аллагьасда, жиндие зулму гьабурасул дугIаги ргIуна, ва гьелъие жавабги гьабула.

**I49. Нужеца лъикIаб гIамал загьирго гьабуниги, цогидазеги мисаллъун букIине, гьеб гIамал балъго гьабуниги, нуж рияалдаса цIунун рукIине, яги нужеца зулму гьабурав чи тIасан лъугьун таниги, - гьаб кинабго гIамал Аллагьасда бихьула ва лъала. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир хIал кIолев вуго рецIел босизе, ва амма рецIел босичIого тIаса лъугьун толев вуго.**

**I50. Жидеца Аллагьасдаги (عز وجل), гьесул аварагзабадаги (гIв) инкар кколел гIадамал, ва жидее бокьулел Аллагьги (عز وجل) гьесул аварагзабиги рикьинаризе, ва жидеца абулел нижеца цоязда иман лъола, цогидазда лъоларо абун. Жидееги бокьун бугел иманалдаги купруялдаги гьоркьосеб цо нух лъезе: гьединаб нух букIунаро, ва гьал гIадамал къосарал, капурал руго.**

**I5I. Гьал руго хIакъикъиял капурзаби, Дица капурал гIадамазе гьел цIакъ гIодорегIан гьарулеб жужахIалъул гIазаб хIадурун буго.**

Гьаб кIиго аят (I50,I5I) рештIизабуна ягьудазул хIакъалъулъ: жидерго аварагасда иман лъун, цоги аварагзабада инкар кколел. Гьединго жидер тIехьалда гурони иман лъоларел, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг витIараб мехалъ гьесда иман лъезеги чIухIарал, Къуръанги гьереси гьабурал. Гьал гIадамаз ниж иман лъурал руго абиялъе гIоло гьазул иман къабул гьабуларо ва гьал капурзаби руго: гьезда тIадаб букIана киналго аварагзабада, ва киналго Аллагьасул (**عز وجل**) тIахьазда иман лъезе.

**I52. Жидеца Аллагьасдаги гьесул аварагазабадаги иман лъурал муъминзаби, аварагзаби цоцаздаса батIаяллъунги гьаричIел, гьал муъминзабазе Аллагьас (عز وجل) ахираталда жидер ажрокири кьезе буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчулев, ва жив муъминзабада гурхIулев вуго.**

**I53. Китабияз дуда абула буго МухIаммад ﷺ, дуца жидее зодисан тIехь рештIинабе абун. Мун гьелда щибго гIажаиблъуге: хIакълъунго Муса аварагасда гьез гьелдасаги кIудияб ргIи абуна: «Дуца нижеда Аллагь вихьизаве загьирго, нижер беразда» - абун. Гьез гьадинаб купруялъул ргIи абидалго, Аллагьас (عز وجل) гьезие гIазаб гьабуна ва зодисан цIа бачIун, гьеб цIаялъ жал рухIана. Хадубги Муса (гIв) аварагасда иман лъун рукIарал гIадамаз бачие лагъалъи гьабуна ва гьеб алагьлъун ккуна, гьезие Мусаца загьирал мугIжизаталги рихьизарун рукIадго. Цингиги**

**дун гьел гIадамаздаса тIаса лъугьина, ва Дица Муса аварагасе цIакъ баянал хIужаби, ва мугIжизатал кьуна.** Гьедин бугониги жиндир къавм гьев Муса аварагасда иман лъун, мутIигIлъун чIолел рукIинчIо.


**I54. Дица гьел ягьудиязда тIад тIур мегIер борхана, хадуб гьезда дица амру гьабуна нуж Байтулмукъадасалда жанир лъугьаян, Аллагьасе (عز وجل) хIелун, бетIер гIодоб къулун абун. Цогиги гьел ягьудиязда дица амру гьабуна щаматкъоялъ ччугIа ккоге абун, гьеб ччугIа кквечIого букIине гьездаса цIакъ щулияб къотIиги босана. гьез гьаб къотIиги хвезабуна ва шамат къоялъ ччугIа кквезе хIилла ургъана: рузман къоялъго гьинал лъун, гвендал рухъун, гьениб жаниб шамат къоялъ ччугIа бачIине хIадурлъи гьабун толаан.**

==========

Анас асхIабасдаса (ра) хIадис бицана: Гьев Анасаца абуна:

***Нужеца гIамал гьабулеб буго нужее жиб берзул расгIан тIеренаб, загIипаб бугилан кколеб ва амма Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг чIагояб заманаялъ нижеца гьеб цIакъ кIудияб мунагьлъун рикIкIунеб букIана» - абун.*** ХIадис Бухарияс (ра) бицана.

Мунагь гьитIинаблъун бихьи буго ТIадегIанав Аллагьасдаса хIинкъи, гьесие хушугI (хIели) дагьаб букIиналъе гIаламат, гьитIинаб мунагь кIудияблъун бихьи Аллагьасдаса хIинкъиялъе гIаламат бугеб гIадин. Аварагасда ﷺ хадур бищунго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъулел, гьесулгун муракъаба камил гьабулел гIадамал хириял асхIабзаби ругелъул, жидеда Аллагь разилъаял, гьезие жидеда хадусез мунагьазул кIвар гьабун гутIи кIудияб ишлъун ва гьалагглъилъун бихьунеб букIана.




**I55. Жидеца киналго къотIаби хвезариялъе гIоло, Аллагьасул мугIжизатазда инкарги кквеялъе гIоло, щибго гIила гьечIого жидехъе ритIарал Аллагьасул (عز وجل) аварагзабиги чIваялъе гIоло, жал иман лъеялда ахIараб мехалъ, гьез абураб рагIиялъе гIологи: «нижер ракIазда тIад тIалъел буго, дуца бицараб жо гьениб жаниб лъугьунеб гьечIо»- абун. Ягьудияз абухъин гьечIо гьезул ракIал. Гьезда тIад Аллагьас (عز وجل) купруялъул мугьру чIван буго, ва гьезул цIакъ дагьал гIадамал гуро иман лъолел гьечIо.**

**I56. Жидеца ГIиса (гIв) аварагасда инкар кквеялъе гIоло, ва Маръямида цIакъ кIудияб бугьтанги лъеялъе гIоло букIина ягьудазе гучаб гIазаб.**

**I57. Ягьудияз абиялъе гIологи нижеца ГIиса (гIв) чIванаян абун: «ал-МасихI ГIиса ибну Маръям»- абун жинда абулев, Аллагьасул (عز وجل) расуллъунги жив вугев. Ягьудияз ГIиса чIвачIо, жидеца гьев хъарщиялдаги вукъичIо (кверазда, хIатIазда магIал чIван). Аллагьас жидее ГIиса вугин ккезе гьабун цоги чи чIвана ягьудаз. Гьав ГIиса (гIв) хIакъалъулъ хилиплъарал гIадамалги хIакъаб жоялдаса цIакъ рикIкIадаб дагIба-къецалъулъ руго. Гьезие щибго баянаб хIужаги гьечIо, жидерго ракIалда ккараб жоялда нахъ рилълъун кIалъай гуреб гьезда лъалеб жоги гьечIо. ГIиса авараг вукIин лъан чIвачIо ягьудияз дов чиги: шакдарилаго, мухIканлъи гьечIого чIвана.**

**I58. ГIиса авараг Аллагьас (عز وجل) чIагого жинда аскIове зобалазде вачана. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир къуват-гуч бергьарав, жииндир пишабазулъ хIакимияв вуго.**

**I59. Китабиязул цониги чи гьечIо жив хвелелда цеве ГIиса (гIв) аварагасда жинца иман лъолевлъун гурони.** рухI босулев малаик тIаде щвей хIакълъараб мехалъ, ягьудияз ва насранияз Аллагьасе (عز وجل) нугIлъи гьабизе буго ГIиса (гIв) Аллагьасул лагъ вуго ва расул вуго абун. Ибнужарир абулев гIалимас абуна: гьаб аяталъул магIна гьабиялъулъ гIалимзаби хилиплъана. Бищун битIараб букIине рекъараб магIна буго: «ГIиса авараг ракьалда рештIун хадуб цониги китабияв нахъе

хутIизе гьечIо ГIиса авараг хвелелде гьесда иман лъечIого» – абун. **Къиямасеб къоялъ ГIиса аварагас китабиязе нугIлъи гьабизе буго гьезул купру-ширк бицун.**

**I60. Ягьудияз гьарурал зулмабазе гIоло дица гьезие хIарам гьаруна церекун хIалал гьарун рукIарал тIагIамал, гьуинал нигIматал. Гьез Аллагьасул (عز وجل) диналдаса гIемерал гIадамал нахъчIваялъе гIологи хIарам гьабруна гьел нигIматал.**

**I6I. Гьез риба босиялъе гIологи, гьеб риба гьабугеян лъазабун букIун хадубги. Жидеца гIадамазул боцIи хIарамаб, батIулаб нухалда кванаялъе гIологи.** ХIакимзабаца рищват босун, гьеб ришват босизе ва кьезе гьоркьохъанлъи гьабун.

Дару-сабаб гьабула абун, женаз ккурав чи, сихIро гьабурав чи сах гьавула абун гIадамал гуккун, жудер щибго гьунарги гьечIого гIадамазул боцIи босулел гIадамалги гьаб аяталъул хIинкъи кьеялда гьорлъе ккола. **Дица ягьудиязул капурал гIадамазе цIакъ жинца унтизабулеб гIазаб хIадурун буго:** гьебги абадияб жужахI буго.


**I62. Кинниги гьел ягьудиязул жидеда гIелму бичIчIарал дагьалго гIадамаз, ва Аллагьасда иман лъурал муъминзабазги, иман лъола дуда рещтIизабураб Къуръаналда, ва гьелда церехун Аллагьас рештIизарурал тIахьазда. Жидеца хIукъукъал тIубан как балел муъминзаби, жидер боцIудаса закатги кьолел, ва Аллагьасдаги, ахир къиямасеб къоялдаги иманги лъолел,- гьал руго Аллагь (عز وجل) разиял гIадамл. Дица гьезие ахираталда цIакъ кIудияб ажро кьела. Алжанал кьела.**

==========

АбуягIла Шаддаду бину Авсидасан (ра) хIадис бицана:

***Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «ГIакъилав чи вуго жиндирго напсалъул хIисаб гьабулев ва хун хадусала букIунеб жоялъе гIоло гIамалги гьабулев. ЗагIипав чи вуго гьаваялъе бокьараб жоялде напсги нахъбилъинабун, батIулал хьулал Аллагьасдаги (عز وجل) гьарун чIчIарав чи»-абун.***

Ай жинца гIамалго гьабичIого Аллагьу ТагIала гурхIулев вуго, тIасса лъугьунев вуго абун гIадада гIумру биччарав чи вуго жинда тIадаб жо гьабичIого чIчIарав чи.




**I63. ХIакълъунго дица дуда вахIю гьабуна МухIаммад ﷺ, умматалда щвезабулеб дин. Дица НухI аварагасда ва гьесда хадуб цоги аварагзабадаги вахIю гьабураб гIадин. Гьединго дица вахIю гьабуна Ибрагьим аварагасда, ИсмагIилида, ИсхIакъида, ЯгIкъубида, гьев ЯгIкъубил лъималазул лъималаздаса ругел аварагзабадаги. ГIиса аварагасда, Аюбида, Юнусида Гьарунида, Сулеймандаги вахIю гьабуна. Давуд аварагасухъе дица Забур кьуна.**

**I64. Аллагьас (عز وجل) дуда жудер къисса бицарал аварагзаби ритIана гьезул уммата зда, ва къавмазда, ва дуда жидер къисса бицинчIел, дуда лъаларел аварагзабиги ритIана. Ва Аллагьас Муса (гIв) аварагасда каламги гьабуна жинца калам гьабиялъ:** Мусада жиб ргIулеб, ва бичIчIулеб калам гьабуна. Гьедин бугелъул Муса аварагасда Калимуллагь абула: жинда Аллагь кIалъарав абураб магIна буго гьеб ргIиялъул.

ИбнухатIибица жиндир тафсиралда абуна: ТIадегIанав Аллагь Муса аварагасда кIалъана нилъеда кин абун бицине лъалареб, ва жиндие сифат гьабизе лъалареб кIалъаялъ. Нилъеда рекъараб гьечIо гьелъул хIакъикъат цIехезе. Аллагь Мусада кIалъана, ва гьев Мусада кIалъай ргIана, амма гьеб кIалъай лъай гуреб, гьелъул черхалъе асар лъугьин гуреб, гьелъие сипат гьабун бицизе лъалароян абун.

**I65. Аварагзабилъун ритIана гьал цере цIарал рехсаралги, ва рехсечIелги, жидеца иман лъурал гIадамазда алжаналдалъун рохел бицунеллъун, ва иман лъезе чIухIарал, ширк гьабурал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолеллъунги. Къиямасеб къоялъ тIаде рахъизарун хIисаб-мизан гьабизе ццере чIезарураб механ гIадамазе рес гьечIого букIине Аллагьасда аскIоб жидеца гIузро бачине: «нижехъ авараг витIун вукIаравани нижеца иман лъезе букIанаян»–абун. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир мулкалъалъ гуч бергьарав вуго, ва жиндир пищабазулъ хIакимияв, гIакъилав вуго.**


**I66. Дуда инкар ккураз дур авараглъи ритIухъ гьабичIогоян абун дуе къварилъи ккоге МухIаммад ﷺ. Аллагь вуго жинца нугIлъи гьабулев дуда рештIизабураб Къуръан хIакъаб Аллагьасул (عز وجل) калам букIиналъе. Гьеб Къуръан Аллагьас жиндаго хасаб гIилмуялдалъун рештIизабуна. дуе мугIжизатлъун. Гьединго малаикзабиги руго жидеца нугIлъи гьабулел мун Аллагьасул расул вукIинада, ва духъе Къуръан рештIизабиялда. ЦохIо Аллагьги (عز وجل) гIун вуго дуе жинца нугIлъи гьабулевлъун.**

**7. ХIакълъунго Аллагьасда, ва гьесул аварагасда инкар ккурал гIадамал, цинги иман лъеялдаса цогидал гIадамалги нахъчIварал, - гьал капурзаби цIакъ къосарал гIадамал руго: Гьез инкар ккун бугелъул, ва цогидалги къосизарун ругелъул, гьаб цIакъ кIудияб Аллагьасда (عز وجل) гIасилъи буго.**

**I68. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал, цинги жидеца зулмуги гьабурал гIадамал, Аллагьас гьал гIадамазул мунагьал чуруларо, ва гьел битIараб нухдаги тIоритIуларо.**

**I69. Аллагьас (عز وجل) гьел кафурал гIадамал жужахIалъул нухда тIоритIула. Даимго гьенир жанир рукIинелъун лъугьинарула жужахIалда. Гьаб ишги ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) цIакъ бигьаяб жо буго.**

**I70. Я гьал гIадамал! Нужехъе Аллагьасул расул ﷺ вачIун вуго хIакъаб динги босун, нужер БетIергьанасул рахъалъан бугеб гьеб дин. Нужеца гьев расуласда иман лъе, гьеб нужее лъикIаб букIине буго. нужеца иман лъечIого инкар ккуни, хIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго зобал ракьазул, ва гьениб жаниб бугеб кинабго жоялъул ханлъи. Нужер инкаралъ Аллагьасе щибго зарал гьабуларо. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев, кинабго хIукму гIакъилго, жинда жаниб хIикмат бугеб хIалалъ гьабулев вуго.**




**I7I. Я гьал китабиял! Нужеца диналъулъ гIорхъолъан борчIараб жо гьабуге. Ва нужеца Аллагьасул хIакъалъулъги битIараб жо гурого абуге. ХIакълъунго Маръямил вас ГIиса (гIв) Аллагьасул расул вуго, Аллагьас (عز وجل) малаикзабазул мацIалдалъун Маръямида бицараб рохелги вуго гьев ГIиса, Аллагьас Жабраил малаик виччан Маръямил чорхолъе баччараб, пураб рухIги вуго гьев ГIиса.**

Цоги магIна гьабуна: Аллагьасул къуват, ва рахIмат буго гьев ГIиса (гIв) авараг жинда нахърилъларал гIадамазе. Цоги магIна гьабуна: Аллагьас рухI лъурав вуго ГIиса авараг. Насранияз абухъе Аллагь гьечIо, Аллагьасул васги гьечIо. РухIги черхги бугеб жо инсан вукIуна, Аллагь вацIадав вуго гьадинал сипатаздаса.

Гьаб иш гьадин бугелъул: **нужеца иман лъе Аллагьасдаги гьесул аварагзабадаги. Нужеца абуге Аллагь (عز وجل) лъабго вуго абун.** Насраниязул цо къокъаялъ абула: Аллагьги, ГIисаги, Маръямги цадахъго Аллагь вуго абун. Цоги къокъаялъ абула: эменги васги рухIги цадахъ бугеб жо буго Аллагь абун. **Гьаб гьереси бициналдаса русани нужее лъикI букIина. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жив цогояв, цоги Аллагь гьечIев вуго: гьесие гIахьалчиги гьечIо, лъимерги гьечIо.**

**Жив вацIадав вуго Аллагь жиндие лъимер букIиналдаса. Аллагьасул мулк буго кинабго зобал - ракьазда жаниб бугеб махлукъат. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гIурав вуго гьаб кинабго махлукъалъул тадбир гьабизе.**

**I72. ГIиса авараг чIухIарав гьечIо, ва Аллагьасул лагълъун вукIине бокьуларев гьечIо. Гьединго Аллагьас жинда гIагар гьарурал малаикзабиги чIухIуларо Аллагьасул лагъзаллъун рукIине. Гьав Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабизе чIухIарав чи, ва живго жиндие цIакъ кIудиявлъун вихьун гIамал кIодолъарав чиги, Аллагьас киналго къиямасеб къоялъ тIаде рахъизаризе руго хIисаб-мизан гьабизе. Цинги гьезда лъазе буго кинаб гIазаб жидее букIунеблъи.**

**I73. Жидеца Аллагьасда, ва гьесул аварагзабада иман лъун тIагIат-гIибадат бацIад гьабун лъикIаб гIамалалда хьвадарал гIадамазе Аллагьас ажро тIубазабула, ва жегиги цIикIкIизабула жиндир цIобалдалъун, ва сахаватлъиялдалъун. Ва амма жал чIухIарал, жидеца гIамал кIодолъи гьабурал, ва Аллагьасда инкар ккун чIарал гIадамазе Аллагьас цIакъ гучаб гIазаб гьабула, ва гьезие вукIуларо жинца гьеб гIазаб тIаса босулев, нахъчIвалев, Аллагьасда (عز وجل) цеве шапагIат гьабизе вахъулев чи.** гьездаса гIазаб нахъчIвазе кIолев валиги вукIунаро, гьел гIазабалдаса цIунизе кIолев насирги вукIунаро.

**I74. Я гьал гIадамал! Нужехъе БетIергьан Аллагьасул рахъалъан хIакъаб хIужжа бачIун буго:** гьев Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вуго Аллагьас (عز وجل) жиндие мугIжизатал кьун гуч гьавурав**. Ва нужеда дица баянаб нур рештIизабуна**: гьебги Къуръан буго, МухIаммад ﷺ аварагасе бищун кIудияб мугIжизатлъун бугеб**, ва нужее хIакъабги батIулабги жо жинца батIа гьабулеб гвангъараб чирахълъунги бугеб.**

**I75. Жидеца Аллагьасда иманги лъун, гьаб Къуръанги жидее тIоритIеллъун ккун хьвадарал гIадамал, Аллагьас ахираталда гьал гIадамал жиндир рахIматалъулъ ва сахавалъиялъулъ лъугьизарула: даимго жанир рукIунеб нигIматазул, ва рахIат, лазатазул рукълъун бугеб алжаналъур лъугьизарула**. Дунялалъул рокъор иман-исламалда тIоритIун, тIагIат-гIибадат гьабизе тавфикъ гьабун, ахираталда алжаналда унеб битIараб нухдаги тIоритIила.

---


Абгьурайратидаса (ра) бицараб хIадис буго:

***Бичасул Расулас ﷺ абуна: «Инсанасул ислам берцинаб букIиналъе гIаламат буго гьев чияс жив жинда хIажалъулареб жо тей» - абун.***

ХIадис Тирмизияс ва цогидазги бицана.

Ай дунялалъе ва ахираталъе гьибичIого рес гьечIеб гIамалги гьабун, гIададисеб хьвада-чIвадиги, гIададисеб хабарги тун, жинда тIадаб жо тIубан хьвадарав чи вуго жинца хIажат гьечIеб жо (ма ла ягIнигьи) тарав чи.

**176. Дудаса хIукму бицин тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, хварав чиясул эбел-именги, лъималги нахъе гьечIони, гьесул ирс лъица босулеб абун. Дуца абе МухIаммад ﷺ, нужее хIукму Аллагьас бицизе буго абун. Гьеб хIукмуги: цо чи хвани ва гьесул лъимерги гьечIони, гьесул яц йигони, жинца нахъе тараб малалъул башдаб гьей яццалъе кьела. Вацас яцалъул кинабго ирсги босула гьей яцалъул лъимер гьечIони. Хварав чиясул кIиго яц ятани, гьей кIиго яцалъе вацас нахъе тараб малалъул лъабго бутIа гьабун кIиго бутIа кьола. Хварасул вацалги яцалги ругони, гьезие жиндир боцIи-мал бикьула бихьиназе кIиго бутIа, руччабазе цо бутIа кьун. Аллагьас нужее гьаб хIукму баян гьабулеб буго ва цогидал киналго шаргIиял хIукмабиги Аллагьас (عز وجل) баян гьарула, нуж къосичIого рукIине ирс бикьулеб мехалъ, ва цогидаб гIамал гьабулеб мехалъ. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев вуго.** Лагъзадерие маслахIат бугеб хIукму гьабулев вуго, ва жидее дунял ахираталда мунпагIат бугеб жо гьабиялда гIадамал тIоритIулев вуго.


الجزء السادس — سورة المائدة

يَسْتَفْتُونَكَ قُلِ ٱللَّهُ يُفْتِيكُمْ فِى ٱلْكَلَٰلَةِ ۚ إِنِ ٱمْرُؤٌا۟ هَلَكَ
لَيْسَ لَهُۥ وَلَدٌ وَلَهُۥٓ أُخْتٌ فَلَهَا نِصْفُ مَا تَرَكَ ۚ وَهُوَ يَرِثُهَآ إِن
لَّمْ يَكُن لَّهَا وَلَدٌ ۚ فَإِن كَانَتَا ٱثْنَتَيْنِ فَلَهُمَا ٱلثُّلُثَانِ مِمَّا تَرَكَ ۚ
وَإِن كَانُوٓا۟ إِخْوَةً رِّجَالًا وَنِسَآءً فَلِلذَّكَرِ مِثْلُ حَظِّ ٱلْأُنثَيَيْنِ ۗ
يُبَيِّنُ ٱللَّهُ لَكُمْ أَن تَضِلُّوا۟ ۗ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌۢ ﴿١٧٦﴾

سورة المائدة

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

الجزء ١١

يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ أَوْفُوا۟ بِٱلْعُقُودِ ۚ أُحِلَّتْ لَكُم بَهِيمَةُ ٱلْأَنْعَٰمِ
إِلَّا مَا يُتْلَىٰ عَلَيْكُمْ غَيْرَ مُحِلِّى ٱلصَّيْدِ وَأَنتُمْ حُرُمٌ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ
يَحْكُمُ مَا يُرِيدُ ﴿١﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تُحِلُّوا۟ شَعَٰٓئِرَ ٱللَّهِ
وَلَا ٱلشَّهْرَ ٱلْحَرَامَ وَلَا ٱلْهَدْىَ وَلَا ٱلْقَلَٰٓئِدَ وَلَآ ءَآمِّينَ ٱلْبَيْتَ
ٱلْحَرَامَ يَبْتَغُونَ فَضْلًا مِّن رَّبِّهِمْ وَرِضْوَٰنًا ۚ وَإِذَا حَلَلْتُمْ فَٱصْطَادُوا۟ ۚ
وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَـَٔانُ قَوْمٍ أَن صَدُّوكُمْ عَنِ ٱلْمَسْجِدِ ٱلْحَرَامِ أَن
تَعْتَدُوا۟ ۘ وَتَعَاوَنُوا۟ عَلَى ٱلْبِرِّ وَٱلتَّقْوَىٰ ۖ وَلَا تَعَاوَنُوا۟ عَلَى ٱلْإِثْمِ
وَٱلْعُدْوَٰنِ ۚ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ ﴿٢﴾

١٠٦

**5. Суратуал-Маидат**

Мадинаялда рещтIинабураб, жинда жаниб нусиялда къого аят бугеб.


**I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца гьарурал къотIаби тIуразаре.** КъотIи гьаби абула кIиго чияс, я гIемерал гIадамаз гьел цоцазда рекъарал шурутIаздалъун цо щиб бугониги жо тIаде босиялда. КъотIи Аллагьасдаги лагъзадеридаги гьоркьобги букIуна.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Аллагьасулгун (عز وجل) ругел къотIаби руго хирияб Къуръаналда жаниб бугеб кинабго шаригIат: хIалалаб жо хIалал гьаби, хIарамаб жо хIарам гьаби, паризаял жал (как, кIал, закат, хIаж, жигьад, хварав чи вукъи ва цогидалги) тIубай. Аллагьас гьабе абун амру гьабураб жо гьаби, Аллагьас те абун нагью гьабураб жо тей.

ГIадамазулгун гьарулел къотIабиги шаргIалда рекъон гьаризе тIадаб буго, гьедин гьабичIеб къотIи биххизабизе ккола ва тIубазабизе кколаро.

**Нужее хIалал гьабун буго киналго рукъалъул хIайваназул гьан кваназе. Гьединго гIалхул хIайваназул гьан кваназеги, Аллагьас (عز وجل) хIарамаб буго абун нужеда лъазабун аят рещтIараб жо хутIизегIан. Ва нужеца хIеж ва гIумра бухьун бугеб мехалъ чан гьабиги хIалал гьабизе бегьуларо.** Гьеб мехалъ чан гьаби хIарамаб буго Макка хIарамалда бугониги цогидаб бакIалда бугониги. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие бокьараб хIукму гьабулев вуго.**

**2. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьас хIарам гьабурал жал хIалал гьаруге.** ШаргIалъул гIорхъаби хвезе гьаруге. **ХIеж ва гIумра бухьараб мехалъ хIарамлъулел жалги хIалал гьаруге. Жиндилъ рагъ хIарам гьабураб моцIалъул хIурматги хвезабуге. Маккаялда садакъаялъе унеб боцIиги нужее хIалал гьабуге,** гьеб гIадада хвезабуге, гьелъие зарал гьабуге. **Гьединго зарал гьабуге хIеж гьабизе абун КагIба рукъалде унел гIадамазеги,** гьел нухдасан нахъчIваге, гьезие гъара гьабуге. **Гьел руго Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун къватIире рахъарал гIадамал, жидее Аллагьасул цIоб-рахIмат щвеялда хьулги бугел. ХIеж тIубан хадуб, хIеж бичараб мехалъ нужеца чан гьабе. Нуж КагIба рукъалде ва Масжидул хIарамалде щвезе риччачIого нужее къварилъи гьабулел рукIарал гIадамазда ццин бахъун, гьезие зарал гьабизеги ургъуге. Ва нужеца лъикIлъи гьабизе ва Аллагьасе гIибадат гьабизе цоцазе квербакъе ва кумек гьабе. Нужеца мунагьал гьаризе ва цоцазда зулму ва тущманлъи гьабизе квербакъуге. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда инкар ккурал ва жиндир амруялда гIассилъарал гIадамазе цIакъ гучаб гIакъуба - гIазаб гьабулев вуго.**


الجزء السادس سورة المائدة
حُرِّمَتْ عَلَيْكُمُ الْمَيْتَةُ وَالدَّمُ وَلَحْمُ الْخِنزِيرِ وَمَا أُهِلَّ لِغَيْرِ اللَّهِ بِهِ
وَالْمُنْخَنِقَةُ وَالْمَوْقُوذَةُ وَالْمُتَرَدِّيَةُ وَالنَّطِيحَةُ وَمَا أَكَلَ
السَّبُعُ إِلَّا مَا ذَكَّيْتُمْ وَمَا ذُبِحَ عَلَى النُّصُبِ وَأَن تَسْتَقْسِمُوا
بِالْأَزْلَامِ ذَٰلِكُمْ فِسْقٌ الْيَوْمَ يَئِسَ الَّذِينَ كَفَرُوا مِن دِينِكُمْ فَلَا
تَخْشَوْهُمْ وَاخْشَوْنِ الْيَوْمَ أَكْمَلْتُ لَكُمْ دِينَكُمْ وَأَتْمَمْتُ عَلَيْكُمْ
نِعْمَتِي وَرَضِيتُ لَكُمُ الْإِسْلَامَ دِينًا فَمَنِ اضْطُرَّ فِي مَخْمَصَةٍ
غَيْرَ مُتَجَانِفٍ لِّإِثْمٍ فَإِنَّ اللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ٣ يَسْأَلُونَكَ مَاذَا
أُحِلَّ لَهُمْ قُلْ أُحِلَّ لَكُمُ الطَّيِّبَاتُ وَمَا عَلَّمْتُم مِّنَ الْجَوَارِحِ
مُكَلِّبِينَ تُعَلِّمُونَهُنَّ مِمَّا عَلَّمَكُمُ اللَّهُ فَكُلُوا مِمَّا أَمْسَكْنَ عَلَيْكُمْ
وَاذْكُرُوا اسْمَ اللَّهِ عَلَيْهِ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ سَرِيعُ الْحِسَابِ ٤
الْيَوْمَ أُحِلَّ لَكُمُ الطَّيِّبَاتُ وَطَعَامُ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ حِلٌّ لَّكُمْ
وَطَعَامُكُمْ حِلٌّ لَّهُمْ وَالْمُحْصَنَاتُ مِنَ الْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُحْصَنَاتُ
مِنَ الَّذِينَ أُوتُوا الْكِتَابَ مِن قَبْلِكُمْ إِذَا آتَيْتُمُوهُنَّ أُجُورَهُنَّ
مُحْصِنِينَ غَيْرَ مُسَافِحِينَ وَلَا مُتَّخِذِي أَخْدَانٍ وَمَن يَكْفُرْ
بِالْإِيمَانِ فَقَدْ حَبِطَ عَمَلُهُ وَهُوَ فِي الْآخِرَةِ مِنَ الْخَاسِرِينَ ٥
١٠٧

**3. Нужее кваназе хIарам гьабун буго жибго хвараб жо** (капурго хвараб, унтун хвараб) **ва биги хIарам гьабун буго, болъонил гьанги хIарам гьабун буго. Аллагьасул (**عز وجل**) цIар рехсечIого,** хъанчалъул, ханасул цIар рехсон **хъураб жоги хIарам гьабун буго. Гьединго хIарам гьабун буго гъанкъун хвараб, кьабун, бухун хвезабураб, борхалъудаса бортун, гебегун хвараб, цояб хIайван цогидалда багъун хвезабураб. ГIалхул хIайваназ тIасса гьан кванараб, гьез хвезабураб жоги хIарам гьабун буго.** Гьал рехсарал хIайванал жидеда ругъун щун, жал унтизе гьарун рукIун хадуб нужеца **шаргIалда рекъон хъуни, цинги нужее гьезул гьан кваназе хIалаллъула. Хъанчазда, заназда тIад лъун, гьезда аскIоре рачун гьел хъанчал ва занал кIодо гьарун хъурал жалги хIарам гьаруна нужее. Нужеца чIораздалъун пал тIамизеги хIарам гьабуна Аллагьас (**عز وجل**). Гьеб жо пискъу ва куфру буго. Жакъа Аллагьасде инкар ккурал чагIазул хьул къотIана нужер дин нахъ чIвазе кIвеялдаса, я гьал муъминзаби! Нуж гьел капурзабаздаса хIинкъуге, нуж цохIо Дидаса хIинкъа. Жакъа дица нужее нужер дин тIубазабуна,** нужее кинабго шаригIат баян гьабуна, хIалалаб-хIарамаб жо бицана. **Ва нужее дир нигIматги тIубазабуна, нужее динлъун букIине дун разиябги исламияб дин буго. ЦIакъго вакъун вукIун,** хIалалаб жо кваназе щвечIого, **хIарамаб жо кванарав чи,** гьеб жо гIемерги кваначIев, хIалал гьабунги кваначIев, **гьев чиясдаса Аллагь (**عز وجل**) тIаса лъугьуна. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) жинца мунагьал рахчулев, жив гурхIулев вуго.**

**4. Муъминзабаз дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, жидее щиб жо хIалал гьабун бугеб абун. Дуца гьезда абе: Аллагьас (عز وجل) нужее хIалал гьабун буго кинабго бацIцIадаб, лъикIаб нигIмат,** нужее жиб кванаялъулъ мунпагIат бугеб. **Ва гьединго нужее хIалал гьабун буго нужеца чан гьабизе ругьун гьарурал хIайваназ нужее ккураб чанги. Гьеб чан гьабизе хIайванал куци ва ругьун гьари Аллагьас нужее кьураб цо гIелму буго. Нужеца кванае гьел хIайваназ нужее ккураб чан ва нужеца Аллагьасул цIарги рехсе чан гьабизе хIайван битIулеб мехалъ. Нуж киналго умуразулъ Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъа, хIакълъунго Аллагь жинца хIисаб цIакъ хехго гьабулев вуго** ва гьесул хIисабалдаса щибго жо борчIизе гьечIо.

ХIайваназдалъун чан гьаби шаргIалда хIалал гьабураб жо буго. Гьедин чан гьабиялъе ункъго шартI бицун буго.

ТIоцебесеб шартI буго жинца чан гьабулеб хIайван букIин. Чан гьабулеб хIайван: гьве, цIум, лачен (сокол), леопард ва цогидалги руго.

КIиабилеб шартI буго гьел хIайванал жидеда малъараб хIалалъ чан гьабулел рукIин. гьел жидеда малъараб хIалалъ чан гьабулел рукIин лъала, жиб бетIергьанчияс биччараб мехалъ гьеб унеб букIиналдалъун, чIезабураб мехалъ чIолеб букIиналдалъун.


Лъабабилеб шартI буго чан гьабулеб хIайванал жинца ккураб чаналдаса щибго гьан кванангутIи.

Ункъабилеб шартI буго гьеб хIайван чан гьабизе биччалеб мехалъ Аллагьасул цIар рехсон биччай.

**5. Жакъа нужее киналго лъикIал, лазатал нигIматал хIалал гьарун руго. Жидехъе тIехь рещтIизабурал гIадамазул тIагIамги хIалал буго нужее, нужер тIагIам гьел китабиязеги хIалалаб буго:** гьезие тIагIам кьезе бегьула бичун кьунги, чIобого кьунги. **Нужее руччабилъун рачине хIалал гьаруна муъминал руччаби: жал рацIцIадал, хIуриял, жидедаса къабихIаб жо** (зина) **загьирлъичIел. Гьединалго рацIцIадал, хIуриял руччаби китабиязулги рачине хIалал гьаруна нужее. Гьал муъминал ва китабиял руччаби жидее магьариги кьун рачине хIалалаб буго. Ва нужги рукIине тIадаб буго зина-хатIаялдаса цIунараллъун, загьирго ва балъго зина гьабуларел. Гьединго зина гьабизе йокьулей кколареллъунги,** балъго гьелда зина гьабун чIужу

гIадин хьвадизаюлей. **Жинца иман лъун букIун хадуб муртадлъарав чи жиндир кинабго гIамал гIадада хварав, жив ахираталъе чIового хутIарав чи вуго.**

**6. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж как базе рахъунеб мехалъ какие чурун гьечIев чияс какие чуре! Нужеца гьумер чуре ва гъуждулги чуре гIункIрукьалгун цадахъ, нужер бетIералда лъимги бахъе, хIатIалги чуре хIатIихинкIалгун цадахъ. Нуж черх чури тIадал ратани**: чIужуялда жимагI гьабун, пикру гьабун мани бачIиналдалъун, яги кьижун рукIун макьилъ жимагI гьабулеб бугин абун щайтIаналъ гуккун, **нужеца тIубанго черх чурун рацIцIалъи гьабе.**




**Нуж унтун ругони** лъималъ чурани зарал цIикIкIунеб унтиялдалъун**, яги нуж сапаралда рукIун какие чуризе лъим щвечIони, яги нужеца хIажатханалда ун чороклъи къватIибе ине гьабун бугони, яги нуж руччабазда аскIор лъугьун жимагI гьабун бугони:**

**г**ьаб «жимагI гьабун бугони» абураб магIна буго гIемерисел гIалимзабаз «Ламастум» - абураб рагIиялъе гьабулеб. Имам ШапигIияс гьеб рагIиялъул магIна гьабуна: «Нужер тIом руччабазда хъатIани»- абун. ГIемерисел гIалимзабаз гьабураб магIнаялда черх чури тIалъула доб «Ламастум» абураб рагIиялдалъун. Имам ШафигIил мазгьабалда какие чури биххула. **цинги нужее лъимги батичIони, нужеца бацIцIадаб, бакъвараб, хIур гьоркьоб бугеб ракь тIалаб гьабе ва гьеб ракь бахе нужер гьумералда ва гъуждузда.** Гьелда таямум гьаби абула.

**Аллагьасе бокьун гьечIо нужее захIмалъи гьабизе ва хIал кIоларе6 амру нужеда тIад къазе. Аллагьасе (عز وجل) бокьула нуж рацIцIад гьаризе,** напсалъул чороклъабаздаса: гъибат, бугьтан, бахиллъи, хIал хъублъи ва цогидабги ва тIасан бихьулеб загьираб чороклъиялдасаги. **Аллагьасе бокьула нужее жиндир нигIматал тIуразарине: нужее шаригIаталъул ахIкамал баян гьарун, битIараб нухда хьвадизе тавпикъ кьун. Нужеца жиндие щукру гьабизеги бокьула Аллагьасе (** عز وجل**).**

Аллагьасе (عز وجل) какие чури ва черх чуриялдалъун бокьараб жо буго инсанасул батIин (ракI, рухI) бацIцIад гьаби. Гьаб загьирги батIинги кIиябго бацIцIад гьабун Аллагьасда цеве вахъун чIарав чи вукIуна Аллагьас (عز وجل) жиндир гIамал къабул гьабизе ва жиндир дугIаялъе жаваб кьезе мустахIикъав. Гьесда Аллагь жиндир рахIматалдалъун валагьула ва гьесул мунагьалги рахчула. Гьедин бугелъул какие чурулев ва черх чурулев чиясда рекъараб буго жинца загьирабги батIинабги рацIцIалъи гьабиялда къасд гьабизе, жиндир лугбал рацIцIад гьариялдасаги цебе жиндир рухI бацIцIад гьабиялда къасд гьабизе.


ХIакълъунго Аллагьасе бокьараб ва хIажатаб жо гьечIо нужер черх чуриялдаса, какие чуриялдасаги, таяммум гьабиялдасаги нужер затги, сипаталги, ракIги, рухIги бацIцIад гьаби гурони.

**7. Нужеца ракIалде щвезабе, я муъминзаби, Аллагьас нужее гьабураб цIоб ва нигIмат,** нуж исламияб диналде тIоритIи ва гьелда хьвадизе гьари**. Гьединго Аллагьас нужедаса босараб къотIиги ракIалде щвезабе.** Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе байгIат гьабун, гьесие мутIигIлъизе. **Нужецаги абуна «нижеда рагIана ва ниж мутIигIлъана» - абун. Нуж Аллагьасдасаги хIинкъа** Аллагьасе ва гьесул аварагасе гьабураб къотIи хвезабизе**. ХIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) нужер ракIазулъ бугеб жо жинда лъалев вуго** ва нужер киналго гIамалазе жинца жаза гьабизе бугев вуго, гьебги я алжан, яги жужахI буго, ахираталда цоги рукъги гьечIо.

**8. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж цIакъ тIад чIараллъун рукIа хIакъаб, ритIухъаб жоялда. Ва нуж ритIухъаб нугIлъи гьабиялдаса ва хIукмуялъулъ гIадлу гьабиялдаса нахъчIваге нилъер тущбабазда бахъараб цциналъ. Гьез ритIухълъи гьабулеб гьечIо абун. Нужеца ритIухълъи гьабе!**

**Гьеб буго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъулел рукIин. Кинабго гIамалалъулъ ва хIалалъулъ нуж Аллагьасдаса хIинкъунги рукIа ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца гьабулеб жо жинда лъалев вуго:** гьитIинаб, кIудияб ва балъгоябги, загьирабги. **9. ТIадегIанав Аллагьас жидеца иман лъурал ва лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе къотIи гьабун буго гьезул мунагьал чурилин ва ахираталда алжаналъул нигIматазулъ рукIинин абун.**

**9. ТIадегIанав Аллагьас жидеца иман лъурал ва лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе къотIи гьабун буго гьезул мунагьал чурилин ва ахираталда алжаналъул нигIматазулъ рукIинин абун.**




**I0. Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул аварагзабазда (гIв) инкар ккурал, Аллагьасул хIикматал ва мугIжизатал жидеца гьереси гьарурал гIадамал жужахIалъул бетIергьаби руго.**

**II. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца ракIалде щвезабе Аллагьас нужее гьабураб лъикIлъи ва нигIмат. Цо капураб къавмалъе бокьараб мехалъ нужгун рагъ гьабизе, Аллагьас (** عز وجل**) гьезул кверал ккуна ва гьел нахъчIвана нужее зарал гьабиялдаса. Нуж Аллагьасда (**عز وجل**) гIасилъизе хIинкъа, я гьал иман лъурал гIадамал! ЦохIо Аллагьасда (**عز وجل**) таваккал тIаме абе муъминзабаца!** Гьев Аллагь вуго нужее гIей гьабулев ва квербакъулев.

Гьаб аят рещтIизабиялъе сабаб бицана: Бануназир абулеб къавмалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул бетIералде тIаде кIудияб гамачI рехизе, гьев аварагасе ﷺ ва хириял асхIабзабазеги (ра) хиянат гьабизе къасд гьабураб мехалъ, Аллагьас аварагасда гьезул къасд лъазабуна ва гьелъул хIасилалда авараг ﷺ асхIабзабигун зарал ккечIого цадахъ нахъруссана.

Мадинаялда аскIор рукIарал ягьудиязул цо къавм буго гьеб, жидехъе цо ишалъе гIоло авараг вачIараб мехалъ, гьев цо къадада аскIов гIодов чIезавун, цинги рукъалъул тIохде рахун гьесул бетIералда тIаде цо кIудияб гамачI рехизе ургъун рукIарал.


**I2. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) бануисраилаздаса щулияб къотIи босун букIана** Муса (гIв) аварагасе мутIигIлъизе ва гьесда нахърилъе**. Гьел бануисраилазул щибаб кьибилалдаса цо-цо цевехъан витIун анцIила кIиго цевехъанги витIана Муса (гIв) аварагасухъе.**

Мадинаялъул ансараз МухIаммад ﷺ аварагасе тIоцебесеб байгIат гьабулеб мехалъ гьезулги анцIила кIиго цевехъан вукIана: лъабго авсазул ва ичIго хазражазул.

Аллагьас (عز وجل) пиргIавн гьалаг гьавун хадуб Муса аварагасда амру гьабун, гьел къавмазул церехъабаздаса Мусаца (гIв) къотIи босана гьел ва гьезул къавм Муса аварагасе мутIигIлъизе ва гьесул амруялда нахърилъе. Гьединго Аллагьас (عز وجل) амру гьабун букIана Муса аварагасде нуж АрихIаъ абулеб Шамалъул ракьалде аян ва гьенир ругел КангIаназул зулмуял, квешал гIадамалги къватIире къотIун, гьеб ракьалда чIаян абун. Амма гьеб амруялъе бануисраилал хилиплъана ва кангIаназул гучаб, кутакаб къавмгун рагъизе хIинкъана.

ТIадегIанав Аллагьас бануисраилаздаги абулеб букIана: **Дун нужгун цадахъ вуго, нужеца нужеда тIад гьабураб как бани, боцIудаса закатги кьуни, дир аварагзабазда иманлъун гьездаги божани ва нужеца гьел русулазе квербакъани Аллагьасулги нужерги тущбабигун рагъизе, гьединго Аллагьасул дин тIадегIан гьабун диналъе квербакъизе суннатаб садакъаги кьуни, - дица нужер киналго мунагьал чурила ва дица нуж даимго жанир рукIинелъун алжаналде лъугьинарила. Жинда жанисан гIорал чвахулеб, нигIматазул ва рахIат-лазаталъул рукъ буго гьеб алжан. Гьаб хIакъаб Аллагьасул (عز وجل) дин жидехъе бачIун хадуб ва аварагги витIун жидеда битIараб нухги бихьизабун хадуб жив къосарав,** мекъаб нухда хьвадарав чи **– гьев вуго хIакъаб нух биларав** ва щибго щаклъи гьечIого батIулаб жоялда вугев чи.

**I3. Гьал ягьудияз жидеца гьабурб къотIи биххизе гьабиялъе гIоло дица гьезие «лагIнат» гьабуна:** дица гьел дир рахIматалдаса рикIкIад гьаруна **ва дица гьезул ракIалги къвакIарал ганчIал гIадин гьаруна. Жидеца Аллагьасул калам сверизе гьабулел руго гьел ягьудиял, ва жидеда амру гьабураб гIемераб жо жиб кIочараб гIадин, жидеда лъаларе гIадин жинда гIамал гьабичIого рехун тана. Мун гьезул хиянатазда ваккулевлъун вукIине вуго МухIаммад ﷺ, щибаб заманаялъ. Цо дагьалго иман лъурал гIадамал руго жидеца хиянат гьабуларел ва дуда нахърилъулъунел –** цоги магIна гьабуна нужее хиянат гьабизе жал хIинкъун чIарал абун. **Мун гьездаса тIаса лъугьа ва гьезие къварилъи гьабуге. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие гIадамазда гурхIел гьабулел, гьезие лъикIлъи гьабулел гIадамал рокьулев вуго.** Гьаб ахираб рагIи жиндир магIна насхо гьабураб буго рагъул аятаздалъун. Ай, бусурбабазе къварилъи-зарал гьабулел капурзаби ва мушрикал тIаса лъугьун толаро рагъул аятал рещтIаралдаса хадур.




**I4. Жидеца ниж насраниял руго абулел гIадамаздасаги босана дица щулияб къотIи** ягьудияздаса босараб гIадинго**, ва гьал насранияздаги кIочана жидеда тIад къараб жоялъул гIемериселда гIамал гьабизе ва гьез Аллагьасулгун (عز وجل) гьабураб къотIиги хвезабуна.**

Гьал насраниязда цIар лъеялъе гIилла буго Аллагьасул салам лъеяв ГIиса аврагас къавмалда хитIаб гьабун абидал: «Щал ругел нужер Аллагьасул диналъе квербакъулел» - абун, гьал гIадамаз абун букIана: «Ниж руго Аллагьасул диналъе квербакъулел» - абун. Цинги гIараб рагIи «ансарал» абураб (жидеца квербакъулел абураб магIна) «Аннасараялде» сверизе гьабуна (жидеца гIемер квербакъулел) ва гьеб рагIиялдаса гьезда насраниял абун цIарги бачIана.

**Ва дица гьел капурал къавмазда** насранияздаги ягьудияздаги **гьоркьоб цоцазде тущманлъи бижизабуна ва цIим бахъиги гьабуна къиямасеб къо чIезегIан жиб букIунеб ва жиндие ахир гьечIеб. Ахираталде щведал Аллагьас гьел киназдаго бицине буго жидеца гьабураб гIамал,** ай гьезие жужахIалъул гIазаб гьабизе буго.

Насранияздаги ягьудияздаги гьоркьоб кидаго тущманлъи букIуна ва гьез цояз цоял капурал гьарула, алжаналде лъугьинеги толаро.

Гьединго насраниязул буго чанго кIудияб рикьи: протестантал, католикал ва цогидалги. Гьал цоял цоязул гьатIаналъур (церковь) унаро ва цояз цоял капур гьарула. Гьазул цоцазе рихиналъул ва тущманлъи букIиналъул къуват гIеларищ ядернияб ярагъ гьабун цояз цоял чIвазе хIадурун рукIин.

Ягьудиязулги буго кIиго кIудияб къокъа «Раббаниюнал» ва «Къуррайинал» абун, цояз цоял капур гьарулел, жидер хасаб дин ва гIадат бугел.

Гьал киназего гIаммаб цохIо жо буго: гьазие бусурбаби рокьуларо ва загьиралдаги батIиналдаги бусурбабазе зарал, къварилъи щвей мурад букIуна киназулго.


**I5. Я гьаб китабияб агьлу:** ягьудал ва насраниял**! ХIакълъунго нужехъе дир авараг МухIаммад ﷺ вачIун вуго, жинца нужее гIемераб жо баян гьабулев нужер Инжилалда ва Тавраталда жиб бугеб ва нужеца жиб гIадамаздаса бахчун бугеб. Ва гIемераб нужеда гIайиб чIвалеб, нуж къватIир чIвазе гьарулеб жо Аллагьас бахчун тола.** Гьеб кинабго баян гьабуни нуж цIакъ инжитлъула. **Гьединго Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан нужехъе бачIун буго нуж хIакъаб нухалда тIоритIунеб нур ва Аллагьасул калам Къуръан, жиб баянаб, жиндир мурад ва хIукму загьираб.**

**I6. Гьеб Къуръаналдалъун Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи тIовитIула жидеда жаниб лъикIлъи бугел нухазда. Ва Аллагьас (عز وجل) гIадамал купруялъул, жагьлуялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рахъинарула жиндир амруялдалъун ва изнуялдалъун. Ва жинца гьел**

**гIадамалги тIоритIула битIараб исламияб нухалда,** жиндилъ рохел ва хвасарлъи бугеб, ахираталда алжанги щолеб.

**I7. ХIакълъунго гьел гIадамал капурал руго жидеца Марьямил вас ГIиса (гIв) Аллагь вугин абурал. Дуца абе МухIаммад ﷺ тIадегIанав Аллагьасе бокьани Марьямил вас ГIисаги гьесул эбел Марьямги ва кинабго ракьалда тIад бугеб халкъги гьалаг гьабизе, щив чи вугев гьеб жо гьукъизе кIолев ва гьелда данде чIолев? ХIакълъунго Аллагьасе (عز وجل) буго зобал-ракьазул ва гьениб жаниб бугеб кинабго махлукъаталъул ханлъи. Аллагьас жиндие бокьараб жо бокьухъин бижуна,** хIакълъунго Аллагь (عز وجل) **кинабго жоялде жиндир хIал кIолев вуго,** жив щибго жоялъ гIажиз гьавуларев вуго.

Аллагьас вижарав, Маръямица гьавураблъи жидеда лъалев ГIиса авараг Аллагь вугин абулел гIадамал капурал рукIиналда щибго щаклъи гьечIо.




**I8. Насранияз ва ягьудияз абуна ниж Аллагьасул лъимал ругин ва Аллагьасе (عز وجل) рокьулел, гьес тIаса рищарал гIадамал ругин абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Цинги Аллагьас нужее гIазаб кинха гьабулеб нужеца мунагьал гьарураб мехалъ-**абун. **Нужеца абухъин гьечIо иш, нужги цогидалго гIадин Аллагьас рижарал гьесул лагъзал руго. Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарасул мунагьал чурила ва жиндие бокьарасе гIазабги гьабила. тIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) мулк буго зобал-ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Ахир къиямасеб къоялъ кинабго жо Аллагьасде буссине буго.** Ва жиндир хIикматалда рекъон Аллагьас (عز وجل) киназего жазаги гьабизе буго: цохIо зарра гIадаб лъикIлъи гIодобги толаро, цохIо зарра гIадаб квешлъи тIад цIикIкIинеги гьабуларо.

Жиндир цIоб-рахIматалдалъун муъминал, гIасиял лагъзал тIаса лъугьунги тола. ЦохIо лъиклъи гьабурасе цIакъ гIемераб ажруги кьола.

**I9. Я гьаб китабияб агьлу! ХIакълъунго нужехъе дир расул вачIун вуго, аварагзаби гьечIого гIемер замана ун хадуб, нужеда Аллагьасул дин малъизе. Нужеца къиямасеб къоялъ хIисаб-мизан гьабулеб мехалъ абичIого букIине нижехъе цониги чи вачIинчIо жинца алжаналдалъун рохел бицунев ва жужахIалдалъун хIинкъиги кьолев абун. Нужехъе хIакъав авараг вачIун вуго иман лъуразе алжаналъул рохел бицунев, купру-ширкалда чIаразе жужахIалъул гIазабги бицунев. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир хIалкIолъи кинабго жоялда гIамлъарав вуго.**

**20. Дуца умматалъе вагIзалъун букIине гьезда бице МухIаммад ﷺ, Муса (гIв) аварагас жиндир къавммалда абурал ргIаби: «Я дир къавм! Нужеца ракIалде щвезаре Аллагьас нужее кьурал кIудиял нигIматал ва нужеца гьел нигIматазде щукруги гьабе»-абун. Аллагьас нужеда гьоркьосан аварагзаби гьаруна ва нужер цоял ханзабилъунги гьаруна.**

Гьелда цереккун нуж къибтIиязул лагъзал рукIана, пиргIавница жиндие бокьухъен къварид гьарулел ва гIазаб гьабулел. Аллагьас (عز وجل) гьев пиргIавнги гъанкъизавун нуж хвасар гьаруна ва нуж ханзаби гIадин лъугьана, нужеда гьоркьор аварагзабиги ругел ва нужедаса цогидал къавмалги хIинкъулел.

Бануисраилазул гIадат букIана цо чиясул жив жанив чIезе рукъги бугони, чIужуги йигони, цеве хIалтIулев гъарабашги вугони, гьев чиясда ханилан абулеб. Гьаб бакIалдаги гьеб магIна бугилан абуна цо гIалимзабаз.


**Ва Аллагьас (عز وجل) нужее кьуна цогидал гIадамазе кьуралдаса цIакъго гIемерал нигIматал ва мугIжизатал:**

**2I. Цинги Мусаца (гIв) абуна: «Я дир къавм! Нуж Аллагьас бацIцIад гьабураб ракьалде лъугьа, гьес нужее кьезе къотIи гьабураб нужер эмен ЯгIкъубил (Израил) мацIалда.** Гьаб буго

Байтулмукъадас бугеб бакI. Гьелда «Мукъадас» абун цIар тана гьеб аварагзаби чIолеб бакI букIиналъ ва муъминзаби руссунеб бакIги букIиналъ. **Нуж хIинкъун гьаниса нахъруссун, лъутун унге. Гьедин нахъ руссани, нуж цIакъ чIорого хутIараздаса рукIине руго.** Дунялалда гьеб Аллагьас бацIад гьабураб ва нужее хIалал гьабураб ракьги щвеларо нужее, ахираталда Аллагьасул алжанги щвеларо, нужеца гьесда гIасилъи гьабидал.

**22. Бануисраилаз абуна: «Я Муса (гIв)! Гьаб росдал агьлу цIакъ къуватаб, кутакаб буго. Ниж гьанир жанир лъугьинаро доб агьлу гьанисан къватIибе ун гурони. Дол гIадамал жалго къватIире ани, ниж гьенире жанире лъугьина»-** абун.

**23. Аллагьасдаса хIинкъулел, жидее Аллагьас нигIматлъун иман кьурав кIиго чияс абуна: «Нилъ гьаб къавмалда тIаде лъугьине руго росдал рагьдухъан жанир. Гьездаса хIинкъичIого жанире лъугьараб мехалъ, Аллагьасул (عز وجل) кумекалдалъун нуж бергьине руго. Нужеца Аллагьасде таваккал тIаме нуж иман лъурал гIадамал ратании»-** абун.




**24. Къавмалъул церехъабаз Мусада (гIв) абуна: «Я Муса! Ниж гьеб росолъе кидаго лъугьиларо, дол квешал гIадамал гьеб росолъ ругебгIан мехалъ. Мунги дур Аллагьги а гьелгун рагъизе, ниж гьанир гIодорчIун чIела»-** абун.

**25. Муса (гIв) аварагас абуна: «Я дир БетIергьан, дир хIал кIолеб жо щибго хутIичIо цохIо дир напсги, дир вац Гьарунги гурони.** Гьаб къавм дида гIасилъана, гьазул куфруялъул гучги бергьана. **Дуца, БетIергьан Аллагь (عز وجل) нижги гьаб пасикъаб къавмги цоцаздаса ратIа гьаре»-** абун.

**26. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Гьеб росо дица гьаб къавмалъе хIарам гьабуна кIикъого соналъ. Гьеб кIикъого соналъ дур къавм ракьалде сверулел рукIине руго,** жидеда къватIибе унеб нухги батизе гьечIо. **Дур гьеб къавмалда щибго ракI гурхIуге, Муса. Гьеб къавм цIакъ пасикъаб, квешаб къавм буго,** жидее гIакъуба гIазаб гьабизе мустахIикъалги руго.

**27. Дуца гьеб къосараб къавмалъе бице, МухIаммад ﷺ, Аллагьасул салам лъеяв Адам аварагасул кIиго васасул къиса хIакъаб жоялдалъун. Гьев кIиявго васас Аллагьасе къурбан хъураб гIуж бице.**

Гьазул къисаялъул байбихьи буго: Аллагьасул салам лъеяв Адам аварагасе Аллагьас (عز وجل) шаргI гьабун букIана жиндир ясал жиндирго васалазе росасе кьезе, цоги гIадамал гьечIого ва цоги батIияб шартI гьабизе ресги гьечIого. ХIава эбелалъ щибаб нухалъ васги ясги гьарулел рукIана. Гьел кIудиял гIун ригьин гьабизе мех щведал цо вацасда цадахъ гьаюрай яс цогидав вацасе кьолаан чIужулъун.

Цинги Гьабил ва Къабил абулев кIиго васасе руччаби рачизе мех щведал, Къабилие бокьана живгун цадахъ гьаюрай яц жиндие чIужулъун ячине. Адам (гIв) гьесда тIад рекъечIо ва къотIи гьабуна гьав кIиявго вацас къурбан хъвезе ва гьеб къурбан Аллагьас къабул гьабурасе Къабилгун цадахъ гьаюрай яс кьезе. Цинги къурбан хъуна ва Аллагьас (عز وجل) Гьабилил къурбан къабул гьабуна.

**Цинги гьеб къурбан Аллагьас цоясул къабул гьабуна, цоясул къабул гьабичIо. Къабилил цIакъго ццим бахъана ва жинца абуна: «Дица мун чIвала»- абун. Гьабилица абуна: «Аллагьас жиндаса хIинкъарав чиясул къурбан къабул гьабула»-**абун.

**28. Хадубги Гьабилица абуна: Дуца дун чIвазе абун дида квер битIани, дица мун чIвазе дуде квер битIизе гьечIо. Дун Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъула, гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун жив вугев**

**29. дие бокьун буго дирги дурги мунагьал дуда тIаде ккезе ва мунги жужахIалъул агьлу вукIине. Гьеб жужахI буго жидеца зулму гьабурал гIадамазе бугеб жаза.**


**30. Къабилил хIасадалъ ва ракI хъублъиялъ гьесда бигьаяб жолъун бихьизабуна жиндир вац чIвай. Цинги Къабилица Гьабил чIвана ва Къабил бахьикъосараздаса лъугьана.** Бищун цебе ракьалда гIодобе тIураб инсансул би букIана гьеб

**3I. Цинги Аллагьас цо гьедо битIана жинца ракь бухъизе** хIатIаздалъун ва гозоялдалъун, **гьев Къабилида лъазе кин жинца Гьабилил къаркъала ракьулъ лъелеб.**

Мужагьидица абуна: Аллагьас (عز وجل) кIиго гьедо битIун Къабилида рихьулеб бакIалда кIиябго цоцалъ багъана ва цояб цоялъ чIвана. Цинги хIатIаз ва гозоялъ гвенд бахъун, гьениб жаниб хвараб гьедо рехун, тIаде ракь бачана.

Гьеб жо бихьараб мехалъ **Къабилица абуна: «вай дир загIиплъиго щиб?** Гьаб гьедоялда гIанаб гIакълу букIун гьечIоха дида**. Дида лъачIо кин гьаб къаркъала ракьулъ бахчулебали» - абун. Гьеб жиндир гIакълу дагьлъиялдаса пашманавлъун лъугьана Къабил** бахьикъосиги пашманлъиги кIиябго данделъана гьесие.

Жинда Аллагь разилъааяв ИбнугIаббасица абуна: «Гьев пашманлъичIо жинца вац чIваялда. Гьедин пащманлъун вукIаравани, жинца тавбо гьабилаан»- абун. Хирияв аварагасул хIадис буго жинца ракьалда тIад пасалъи-зулму гьабурав ва гIагарлъиялъул гурхIел- рахIмо къотIизабурав чиясе дунялалдаго гIакъуба хех гьабила, ахираталдаги гьесие гьабулеб гIакъуба дагь гьабиларо абураб магIна бугеб. Гьав Къабилил пишаялъулъги гьаб кIиябго жо буго. Инна лиллагьи ва инна илйгьи ражигIуна.




**32. Гьаб Къабилица Гьабил чIвай сабаблъун Дица бануисраилазда тIад гьабуна: жинца шаргIияб гIилла гьечIого** къисас боси гIадаб, яги имамас хIад кьаби гIадаб, **цо напс чIварав чи, яги гьеб напсалъ ракьалда пасалъи гьабичIого букIун хадубги гьеб напс чIварав чи.** Пасалъи буго гъачагъалъи гьаби, муртадлъи. **Гьав жинца напс чIварав чиясе хIукму буго ва гьесие мунагь буго жинца киналго гIадамал чIварасе гIадаб. Жинца цо напс чIаго гьабурав чи:** жинца цо сабаб гьабун чIвазе букIараб напс хвасар гьабурав чи, **гьав чиясул хIукму буго ва гьав чисе кири буго киналго напсал чIаго гьарурасе гIадаб.**

Гьаб аяталдаса бичIчIулеб буго напс чIвай кIудияб мунагь букIин ва цIакъ гучаб хIинкъиги кьолеб буго Аллагьас (عز وجل) щибго шаргIияб гIиллаги гьечIого напс чIварав чиясе. Аяталда жаниб «бануисраилазда тIад гьабуна» абун букIаниги, гьаб аяталъул хIукму кинабго халкъалъе гIаммаб буго. Гьелда тIоритIел гьабулел хIадисалги руго.

Гьаб аяталда нахърилъларазда вуго жинда Аллагь разилъааяв ГIусман асхIаб, жив чIвазе вукIин лъараб мехалъги данде вахъизе гIамал гьабичIев, кумек гьабизе рачIарал асхIабзабиги лъикIаб дугIа гьабун нахъе ритIарав.

**ХIаклъунго бануисраилазухъе дир аварагзаби рачIана баянал шаргIиял хIужабиги, мугIжизаталги росун. Цинги гьел бануисраилазул гIемерисел гIадамал, гьаб шаргIияб хIукму жидеда бицун ва бичIчIун хадубги, ракьалда пасалъи ва зулму гьабулел руго.**

**33. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул расуласда ﷺ рагъ балел гIадамазе бугеб жаза буго, гьединго ракьалда тIад пасалъи гьабун, гъачагъалъи гьабун хьвадулел гIадамазеги жаза буго: жал чIвай, яги жал кварида ран гъанкъи, яги жидер кверги хIетIеги къотIи,** цояб квегIаб цояб кваранаб**, яги жал ракьалда тIад лъутизарун, жидеда хадур лъугьун цо бакIалда чIезе течIого, гьезие гIакъуба гьаби. Гьаб шаргIияб хIукму буго жидее дунялалда гьабулеб гIодобегIанлъи ва гIазаб. Ва гьезие ахираталда цIакъ гучаб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**34.** Жидеца гъачагъалъи гьабун халкъалъе къварилъи гьабулел гIадамал, **жидеда тIад нужер кверщел батилелде тавбо гьабун, квешлъи тун, Аллагьасдасан хIинкъун гIодор чIани, гьал**


**гIадамазе нужеца гIакъуба-гIазаб гьабуге. Нужеда лъай хIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчулев, жив гурхIулев вукIин.**

ИбнухатIибица абуна: «гьав ракьалда пасалъи гьабурав, Аллагьасда ва аварагасда рагъ гьабурав чи иман лъурав бусурманчи вугони, гьасул Аллагьасда (عز وجل) хурхарал хIакъал гьесде тIамун тола. ГIадамазда хурхарал хIакъал гьел гIадамазул ихтияралда рукIуна, жидее бокьани тIаса лъугьун тела, жидее бокьани къисас босила ва боцIи-малги бецIизабила. Гьел пасалъаби гьарурал гIадамал капурзаби рукIун, цинги жидеца иман лъуни ва тавбоги гьабуни – гьездаса кинабго хIакъ тIасан ккола. Исламалъ цебехун араб кинабго жоялъул хIукму къотIизабула.

МухIамад бину АхIмадил МахIалияс Жалалалда абуна: «ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) «нужеца хIад гьабуге» абичIого, «Аллагь гурхIулев вуго»-абун абиялдаса бичIчIулеб буго Аллагь (عز وجل) жиндир хIакъаздаса тIаса лъугьулев вукIин, гIадамазул хIакъал гьезул ихтияралда толев вукIинги.

**35. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул (عز وجل) амруялда хилиплъизе, гьесда гIасилъизе хIинкъа ва нужеца Аллагьасде гIагарлъулел рахъалги сабабалги тIалаб гьаре,** лъикIаб гIамал гьабун, Аллагь разилъи тIалаб гьабун хьваде. **Ва нужеца Аллагьасул (عز وجل) дин ракьалда букIиналъе гIоло жигьадги гьабе. Гьедин нуж хьвадани нужер абадияб талихI-рохелалда кверщел батила.**

**36. ХIакълъунго Аллагьасде (عز وجل) инкар ккун,** купру-ширкалда хьвадун хварал гIадамал, **ахираталде щун Аллагьасул гIазаб жидее букIин хIакълъараб мехалъ, гьаб кинабго дунялги гьелда релъараб цогиги дунялги ва гIемерал хазинабиги жидее ругониги, гьеб кинабго кьун, Аллагьасул гIазабалдаса хвасарлъи тIалаб гьабилаан. Амма Аллагьас (عز وجل) гьездаса щибго жо къабул гьабуларо ва жидее цIакъ унтизабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**




**37. ЖужахIалдаса къватIир рахъине бокьун рукIуна гьел гIадамал. Амма жал гьениса къватIире рахъунаро. Жидее гьеб жужахIалда жаниб даимаб гIазаб букIуна.**

**38. Жинца жо бикъарав чи ва жинца жо бикъарай чIужугIаданги, нужеца гьезул кверал къотIе, гьез гьабураб цIогьалде данде жазалъун, Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб хIадлъун ва гIакъубалъун. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго,** жиндир шаргI хвезе гьабураздаса рецIел босине кIолевги вуго. **Ва хIукмуялъулъ гIадлу битIарав, хIикмат-пайда гьечIеб жо жинца гьабуларев вуго.**

**39. Жинца зулму гьабун хадуб тавбо гьабурав чи, цинги лъикIаб гIамалги гьабурав, Аллагьас (عز وجل) гьесул тавбо къабул гьабула ва гьесие ахараталда гIазаб гьабуларо. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) муъминзабазда гурхIулев, гьезул мунагьал рахчунев вуго.**

ШаргIалда рекъон цIогь абула цо инсанас цIунун, бахчун бугеб бакIалдасан цоги чияс балъго гьеб жо босиялда. Гьедин жо бикъараб мехалъ ва гьев чи живго мукIурлъун, яги нугIзал рукIун гьез нугIлъи гьабун гьев чияс цIогь гьаби хIакълъараб мехалъ, шаргIалда рекъон гьесул квер къотIула, жинца бикъараб жо цо динаралъул ункъил бутIаялъул къимат бугеб жо бугониги.

Гьаб заманалъул гIарац-меседалда борцун гьелъул къимат мухIканго бицине дида лъаларо.

Цо гIалимас абуна: Гьаб аяталда жанив цIогьор цеве рехсон, цIогь гьабурай гIадан хадуй рехсана. ЦIогь гьаби гIемерисеб бихьиназул гIамал бугелъул гьел кантIизе ва нахъ чIвазе. Зинаялъул хIад бицунеб аяталда зина гьабурай гIадан цее рехсон, зиначи хадув рехсана, руччабаз зина гьаби цIакъго къабихIаб букIиналде ишара гьабун.


**40. Дуда лъаларищ, я гьав инсан! ХIакъалъунго Аллагь вукIин зобал-ракьазул ва гьезда жаниб бугеб махлукъаталъул бетIергьан. Жиндие бокьарав чиясе Аллагьас гIазаб гьабула гьесул мунагьазда рекъараб. Ва жиндие бокьарав чи мунагьазда тIаса лъугьун тола, хIакъалъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир хIалкIвелъи кинабго жоялда гIамлъарав вуго.**

**4I. Я гьав бичасул расул ﷺ! Мун пашманлъуге цо-цо гIадамал исламияб динги тун, муртадлъун, купруялде ун ругин абун. Гьел гIадамал руго жидер рекIелъ иман букIинчIел, мацIаздалъун иман лъунаян абуниги. Ягьудияздасаги руго цо гIадамал жидеца гьереси бицунел гIадамазул рагIи къабул гьабулел. Духъе рачIине чIухIарал, мун гьереси гьавун кIалъалел гIадамазухъ гIенеккун, гьезда нахърилъулъун чIарал, жидеца тавраталда хъвараб жо хисинабулел. Гьез абулеб буго гьев аварагас нужее гьаб хIукму гьабуни** ай нужее бокьараб хIукму гьабуни**, гьелда нуж разилъе, гьаб гуреб цоги хIукму гьабуни, нуж разилъуге абун.**

Гьаб къиса буго тавраталда бугеб зиначи чIимхица чIвазе ккола абураб хIукмуги хвезабун, жидеца гьев чиясда тIилал кьабулеб ва лахI бахун чIегIер гьавулеб хIукму гьабураблъи бицунеб.

Ягьудазул ахIбараз гьадинаб хIукму гьабун букIана, гьез Тавраталъул хIукму гьелдасаги ццебе хвезабун букIун, гьезул хIакимзабаз батIи-батIияб хIукму гьаби сабаблъун жидеда гьоркьоб бугеб хилап тIагIизабизеян абун. Къуръаналда зиначи чIимхица чIвай абун хIукму бачIиндал, ягьудазул кашишаз абуна нужеца гьеб хIукму къабул гьабуге. Гьаб нилъеца гьабураб хIукму гьев аварагас гьабулеб гьечIони, нуж гьесда нахърилълъунге абун.

**Аллагьас (عز وجل) жив къосизавурав чи витIизавизе кIолев чи вукIунаро ва Аллагьасда аскIоб гьезул щибго жо гьабизе къуват, гьунарги букIунаро. Гьел исламияб диналдаса жидеца гIадамал нахъчIвалел ахIбарал руго Аллагьас (عز وجل) жидер ракIал куфру-ширкалдаса рацIцIад гьаричIел ва гьаризеги гьечIел гIадамал. Гьезие дунялалдаго гIодобегIанлъи букIине буго, ва гьезие ахираталда цIакъ кIудияб жужахIалъул гIазабги букIине буго.** жидеца хIакъаб жо лъан хадуб гьеб гьереси гьаби сабаблъун.




**42. ЦIакъ гьересияб хабаралда гIенеккун гьеб къабул гьабулел, жидеца хъубаб, хIарамаб боцIиги кваналел гIадамал руго гьел ягьудиял:** риба гьабулел, ришват босулел. **Цо хIукму гьабеян абун гьел духъе рачIани, бокьани хIукму гьабе гьезда гьоркьоб, бокьани гьабичIого те.** Гьел гIадамал дуда иманлъун, дуца гьабураб хIукмуялда нахърилълъине бокьун рачIунел гьечIо. Дуца гьабураб хIукму жидее бокьухъин ккани гьелда разилъизе абун рачIунел руго.

**Мун гьезда гьоркьоб хIукму гьабиялдаса вуссани, гьез дуе шибго зарал гьабуларо.** Аллагьас цIунула мун гьезул заралалдаса. **Дуца гьезда гьоркьоб хIукму гьабуни, гьеб хIукму дуца шаргIалда рекьон, битIун гьабе. ХIакъалъунго Аллагьасе (عز وجل) жидер гIамалазулъ ритIухъал гIадамал рокьула.**

**43. Кин гьел дуца гьабураб хIукмуялда разилъулел, гьезда аскIоб Тавратги букIаго ва гьениб Аллагьасул хIукмуги букIадго. Дуца хIукму гьабун хадур гьел гьелдасаги руссуна: жидее хIакъабжо бокьарал гIадамал гьечIо гьел. Ва гьел жидеца иман лъуралги гьечIо.**

**44. ХIакълъунго дица гьел ягьудиязда Таврат рештIизабуна, гьелда жаниб гьезие тIоритIел бугеб, ва иман лъурал гIадамазе хIакъаб нух бихьунеб нурги бугеб. Гьеб Тавраталдалъун хIукму гьабула Бануисраилазул аварагзабаз, жидеца Аллагьасда (عز وجل) иман лъун, гьесул хIукмуялда нахърилълъун хьвадулел. Гьеб хIукму гьабула Тавраталда иман лъурал гIадамазе. Гьединго жидеца хисизабичIого Таврат нахъцIунарал ахIбарацаги ва гIалимзабазги гьабула гьеб Тавраталда рекъон хIукму, жидеца гьеб цIунун букIун ва гьел жидеда Таврат лъалел рукIун.**

Тавраталда бугеб хIакъаб жо бицине ва Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммадил сипатал рицинеги **нуж гIадамаздаса хIинкъуге. Нуж Дидаса хIинкъа, я гьал ягьудиязул гIалимзаби! Ва нужеца гьеб Тавратги хисинабун, гьелъул хIукмабиги ричун дунялалъул дагьабго боцIи босуге.** КигIан гIемераб бугониги гьеб дунялалъул боцIи хIакъираб жо буго, Аллагьасул (عز وجل) калам жиндихъе бичизегIадаб жо гьечIо. **Жидеца Аллагьас (عز وجل) рещтIинабураб хIукмуялдалъун хIукму гьабуларел гIадамал капурал гIадамал руго.** Гьез хIакъаб жоялда инкар ккун бугелъул.


Замахшарияс абуна: Аллагьасул (عز وجل) хIукмуялдалъун жидеца хIукму гьабуларел гIадамал, гьеб жидеда гIодобегIанлъун бихьун, гьел гIадамал капурал, пасикъал залимал гIадамал руго. Аллагьасул хIукмуги тун цоги хIукму жидеца гьабурал гIадамал жидер купруялъулъ тIерхьарал, цIакъ залимал, чIухIарал гIадамал руго. Гьаб аят загьиралда бануисраилазда рещтIараб бугониги, жиндир хIукму кинабго умматалъе гIаммаб буго.

**45. Гьеб тавраталда жаниб дица ягьудиязе фарз гьабуна къисас боси: напс напсалъухъ чIвазе, бер бералъухъ бахъине, мегIер мегIералде данде къотIине, гIин гIиналде данде къотIине, ца цаялде данде бахъине. Ругънал гьарун ругони гьезулги къисас босине. Жинца рецIел босулев чияс къисас тIаса лъугьун тани, гьеб жиндаса къисас босулесе кафарат буго** жинца къисас босулесе ажро-кириги буго.

Гьаб буго ИбнугIаббасица гьабураб магIна. ТIабарияс абуна: «Гьеб тIаса лъугьин жив тIаса лъугьарасе кафарат буго, Аллагьас гьесул мунагьал рахчулеб жив тIаса лъугьиналъе гIоло»-абун.

**Жидеца Аллагьас (عز وجل) гьабураб хIукмуялдалъун хIукму гьабуларел гIадамал зулму гьабулел гIадамал руго,** гьез Аллагьасул шаргIалда хилиплъи гьабун бугелъул.

Гьаб къисас боси нилъер исламияб шаргIалдаги гьаб хIалалда буго. Ракьа бекизаби, гьаналда ругъун гьаби, цогиги гIемер масъалаби руго къисас босизе данде кколарел, жидер дият бахъулел, хIажат ккараб мехалъ гIалимзабаде аскIоре ун, гьезда гьикъун лъазабизе ккела.




**46. Дица бануисрилазул цересел аварагзабазда хадув ГIиса (гIв) авараг витIана, жинца таврат ритIухъ гьабулевлъун. Ва гьев ГIисахъе Инжилги кьуна, жинда жаниб умматалъе тIоритIел ва нур бугеб, жинца Тавратги ритIухъ гьабулеб. Жиб умматалъе тIоритIеллъун бугеб ва Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал гIадамазе вагIзалъунги бугеб.**

**47.** Дица ГIиса (гIв) аварагасда ва гьесда нахърилъларазда амру гьабуна, **нужеца гьаб Инжилалда жаниб Аллагьас (عز وجل) рещтIизабураб жоялдалъун хIукму гьабе абун. Ва жидеца Аллагьас рещтIинабураб хIукмуялдалъун хIукму гьабуларелги пасикъал гIадамал руго.** жал къосарал, Аллагьасде (عز وجل) иман лъеялдаса ва гьесие мутIигIлъиялдаса рахъарал.

**48. Дица дуда Къуръан рещтIинабуна, МухIаммад ﷺ, хIакъаб исламияб дин жинда жаниб бугеб. Жинда церехун рукIарал тIахьалги ритIухъ гьарулеб ва гьел тIахьазда тIад хъаравуллъунги ва нугIлъунги бугеб. Дуца гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабе Аллагьас рещтIизабураб жоялдалъун. Мун гьел гIадамазе бокьараб жоялда нахъги вилълъунге, духъе бачIараб хIакъаб Къуръанги гIодоб тун. Щибаб умматалъе дица шаригIат гьабуна ва нухги гьабуна,** жидер заманаялда, хIалалда, бакIалда рекъараб. Гьаб шаригIат буго дунялалъул чIаголъиялда хурхараб жоялъулъ бугеб. Ва амма кинабго Аллагьасул (عز وجل) диналъул аслу цо буго: Аллагь цо гьави, гьесул аварагзаби (гIв) ритIухъ гьари ва ахир къо букIиналда иман лъей, жиндилъ хIисаб-мизан ва жаза гьабулеб.

**ТIадегIанав Аллагьасе бокьун букIарабани нуж киналго цо умматлъун гьарилаан ва цохIо шаригIаталдаги телаан.** Цингиги Аллагьасе гьелдалъун я зарал, я хайир гьечIо. **Нужер шаригIат батIи-батIияб гьабуна нужер хIалбихьи гьабизе нужехъе кьураб жоялдалъун, мутIигIавги, гIассиявги лъазе. Нужеца лъикIаб жоялде хехго щвезе яхI бахъе. Нуж киналго ахираталда Аллагьасде (عز وجل) руссунел руго ва гьениб бицизе буго дунялалда нуж хилиплъун рукIараб жо:** нужер диналъул амру гьениб баянлъизе буго ва нужее жаза гьабизе буго.


**49.** Ва дуда дица амру гьабуна, МухIаммад ﷺ**! гьел гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабе абун Аллагьас (**عز وجل**) дуда рещтIинабураб Къуръаналдалъун ва мун гьезул мурадазда нахъвилълъунге абун. Мун цIуне, МухIаммад ﷺ, квешаб къавмалъ макру гьабун Аллагьас дуде рещтIизабураб жоялдаса мун вуссинавиялдаса. Дуца гьабураб хIукмуялда рекъечIого гьел гIадамал нахъе ани ва жидее цоги хIукму бокьани, дуда лъай МухIаммад ﷺ, Аллагьасе (**عز وجل**) бокьун букIин гьезие гIазаб гьаби гьезул цо-цо мунагьазде данде. ХIакълъунго гIемерисел гIадамал пасикъал руго.**

**50. Дуца гьабураб хIукмуялда разилъичIого жагьилияб заманалъул хIукмуйищха гьезие бокьун бугеб? Жидеца Аллагьасда иман лъун, гьев ритIухъ гьавулел гIадамазе Аллагьас (**عز وجل**) гьабураб гIадаб берцинаб хIукму лъицаго гьабиларо.**

Сайид КъутIбуца абуна: жагьилияб хIукму буго инсанас инсанасе гьабулеб хIукму, цо гIадамаз цоги гIадамазе лагъалъи гьаби. Аллагь (عز وجل) цо вукIин, гьев бетIергьан ва хан вукIин кIочон тей. Аллагьасе гьабулеб лагъалъи тун, гIадамазе лагъалъи гьаби. Гьеб хIукму гьабулеб бакI буго кIийиде нух бикьулеб бакI, цоги лъабабилеб нух жидее гьечIеб.

ХIукму Аллагьасул букIина ва гьесул шаргIалда рекъон гIадамаз чIаголъи гьабила. Яги жагьилияб хIукму букIина: жидер гьаваялда нахърилъун, щайтIаналъул нухал ккун, Аллагьасе лагъалъи гьаби тун жиб букIинеб.

Жагьилияб заман абулеб жо цебе араб, яги хадуб бачIунеб заман гьечIо. Жагьилияб заман буго Аллагьасул (عز وجل) шаргI тун, гьесие мутIигIлъи тун, гIадамал жидецаго ургъарал къануназде гIамал гьабун хьвадулеб заман абун




**5I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца ягьудиял ва насраниял гьудулзабилъун ккоге. Гьел кIиялго цоцазе гьудулзаби руго** ва бусурбабазе тущбаби руго: капурзаби киналго цо миллат буго. **Нужеда гьоркьоса жидеца гьел ягьудиял ва насраниял гьудулзабилъун кколел гIадамал гьездасан руго. ХIакълъунго Аллагьас (**عز وجل**) къосараб къавм битIараб нухде тIобитIуларо.**

**52. Жидер ракIазулъ нифакъ бугел гIадамал рихьула дуда гьел капурзабазул гьудуллъи гьабизе гIедегIулел. Гьез абула** гьаб исламияб дин цебе инчIони, МухIаммадил ﷺ ва асхIабзабазул (ра) амруги бергьинчIони, **ниж хIинкъула ягьудияз нижее къварилъи гьабилин абун. Аллагьас (**عز وجل**) муъминзабазе квербакъила Макка бахъиялдалъун, гьесул тущбабиги гьалаг гьарила:** нуж рагъичIого, жиндирго амруялдалъун. **Цинги гьал мунафикъзаби цIакъ пащманлъизе руго** ягьудиязда ва насраниязда гьабураб гьудуллъиялда ва муъминзабазе гьабураб хиянаталда.

**53.** Гьеб къоялъ **жидеца иман лъурал гIадамаз мунапикъазул хIакъалъулъ абила: Гьал гIадамалищха рукIарал, я гьал ягьудиял, нужее цIакъ гьаял гьедун рукIарал ниж нужгун ругоян** абун. **Гьал мунафикъзаби руго жидер кинабго гIамал гIадада хварал ва дунялалдаги ахираталдаги чIорого хутIарал гIадамал.**

**54. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужедаса цо къавм муртадлъанин абун Аллагьасе (**عز وجل**) ва муъминзабазе щибго зарал гьечIо.** Гьеб муртадлъиялъул зарал жидеего буго. **Аллагьас цоги**

**къавм гьабила гьезул бакIалда, жиндие муъминзаби рокьулел ва Аллагьги (عز وجل) вокьулел. муъминзабазда гурхIун, гьезие хIелун рукIунел. Капурзабазда данде цIакъ гучал ва бахIарчиял рукIунел.**


Гьаб буго камилал муъминзабазул сипатал: Аллагь (عز وجل) вокьарасе жив хIелун вукIунев, гьесда инкар ккуразе жив тущман вукIунев. Аллагьасе (عز وجل) цо муъминчи вокьун вукIиналъе гIаламатги буго гьев муъминзабазда гурхIун, хIелун, гьезие тамахлъун вукIин. Капурзабазда ва мунафикъзабазда данде гъалбацI гIадин вукIин.

**Жидеца Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабулел ва гьев Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун гIамал гьабураб мехалъ гьезда гIайиб чIван кIалъалел гIадамаздаса хIинкъуларел.** Гьединаб иманалъул камиллъи ва гьал берцинал тIабигIатал **Аллагьас (عز وجل) жиндие вокьарав чиясе кьолеб хиралъи ва тIокIлъи буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир цIоб-рахIмат гIатIидав, лагъзадерие гьабулеб хIукму лъалев вуго.**

**55. ХIакълъунго нужер вали ва нужее вокьизе кколев чи Аллагь (عز وجل) вуго, хадув гьесул расулги вуго ва киналго муъминзабиги руго. Жидеца паризаяб как хIукъукъал тIуран жамагIаталда балел, жидеда тIалъараб закатги кьолел, дие тIагIат-гIибадат гьабун, дие хIелун, мутIиглъун жал рукIунел.**

**56. Жидер валилъун ва жидее вокьулев гьудуллъун Аллагь (عز وجل) ккурал ва гьесул расулги ﷺ ккурал, хадур киналго муъминзабиги ккурал,** - гьал гIадамал руго Аллагьасул къокъа, гьаб щайтIаналъул къокъа гьечIо**. ХIакълъунго Аллагьасул къокъа гьесул тущбабаздаса бергьизеги руго.**

**57. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца нужер дин махсароде гьабулел, гьелда тIад релъанхъулел гIадамал гьудулзабилъун ккоге. Гьел гIадамал руго жидехъе Инжил Таврат кьурал гIадамазда гьоркьор ва цогидал капурзабазда гьоркьорги. Гьал гIадамал гьудуллъун кквей буго Аллагьасул (عز وجل) тущбаби гьудулзабилъун кквей. Нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа нуж хIакъикъиял иман лъурал гIадамал ратани.**




**58. Нужер дин махсароде гьабулез нужеца как ахIараб мехалъ гьеб ахIи гIодобегIан ва махсароде гьабула. Гьедин хьвади буго гьел ахIмакъал гIадамал рукIиналъул гIаламат**: жидеда Аллагьги (عز وجل) лъаларел, гьесие балеб какги лъаларел, гьелъул магIна-хIикматги бичIчIунарел.

Гьаб аят рещтIинабиялъе сабаб бицун абуна: Аллагьасул лагIнат жидеда бугел ягьудияз хIасад гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда, гьесул асхIабзабаз как ахIулеб рагIараб мехалъ ва гьез абуна: «Гьав щив, жив аварагилан вугев чи, цониги аварагзабаз гьабичIеб бидгIаяб жо гьабулев? Гьаб хIамил гIадаб ахIдейги щиб, гьаб щиб къабихIаб гьаракь» – абун.

**59. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Я гьал ягьудиял ва насраниял! Нужеца нижеда гIайиб чIвалеб жо бугищ нижеца Аллагьасда (عز وجل) иман лъей гуреб? Гьединго нижеде рещтIизабураб Къуръаналдаги гьелда цере рещтIизарурал тIахьаздаги иман лъей гуреб,** гьечIо цоги нижеда гIайиб чIваялъе гIилла ва хIужа. **Гьаб нижеда гIайиб чIваялъе гIилла буго нужер гIемерисел пасикъзаби рукIин.** Нужеца нужехъе рещтIизарурал тIахьазда гIамал гьабулеб гьечIо, гьаб Къуръанги гьав аварагги ритIухъ гьавулев гьечIо. Гьеб нужер пасикълъиялъул гучалъ нужее муъминзаби рокьулел гьечIо, жидеца иман лъурал ва жидеца киналго аварагзабиги гьезухъе рещтIизарурал тIахьалги ритIухъ гьарурал.

**60. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Нужеца нижеда гIайиб чIвалеб жо** (ниж иман лъурал рукIин) **квешаб жо гьечIо. Нужеда бицилищ щиб жо бугеб Аллагьасда (عز وجل) аскIоб квешаб: Аллагьас лагIнат кьурав чи вуго квешав, гьесул жинда ццинги бахъарав. Аллагьас (عز وجل) маймалакаллъун ва болъоналлъун сверизаруралги руго квешал. Аллагьас щайтIаналъе лагълъи гьабизе тIамуралги руго квешал гIадамал. Гьал церехун рицарал къабихIал сипатал жидее ругел гIадамал руго Аллагьасда (عز وجل)аскIор квешал ва битIараб нухдаса къосарал.**


**6I. Гьел ягьудиязул мунафикъал духъе рачIараб мехалъ, гьез абулеб буго нижеца иман лъунин абун. Амма гьел духъе рачIунеб мехалъги капурал рукIана МухIаммад ﷺ, ва дуда аскIоса унеб мехалъги капурал рукIана. Аллагь (عز وجل) жинда цIакъ лъалев вуго гьез нифакъ жаниб бахчун бугеб жо.** Гьеб нифакъ буго ва гьелда данде гьезие гIазабги букIине буго.

**62. Дуда гьел ягьудиязул гIемерисел рихьизе руго, МухIаммад ﷺ, жидеца гIасилъаби ва зулмаби гьарулеллъун. Жидеца хъубаб хIарамаб боцIи кваналеллъунги. ЦIакъ квешаб гIамал буго гьел ягьудияз гьабулеб.**

**63. Ягьудиязул кашишаз ва гIалимзабаца нахъчIвалел рукIаралани гьел, Аллагьасул (عز وجل) диналда ва аварагасда бугьтан лъолеб квешаб рагIи бициналдаса ва хIарамаб боцIи кванаялдасаги. ЦIакъ квешаб жо буго ягьудиязул диниял гIадамаз гьабулеб,** жидер къавм амру-нагью гьабичIого тей.

**64. Ягьудияз абуна Аллагьасул квер бахилаб бугин, Ягьудиял руго жидер квер бахилал. Кидаго гьедин хутIаги гьел. Аллагьас (عز وجل) жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьаруна ягьудиял гьеб къабихIаб рагIиялъе гIоло. Аллагь цIакъ сахаватал руго.** Гьаб ядаагьу абураб рагIиялъул магIна буго гьесул кIиябго квер абураб. Гьелъие таъвил гьабула Аллагьасул нигIматал абун. (имам КъуртIуби); **жиндие бокьухъе ризкъи кьолевги вуго Аллагь (عز وجل). Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал гIадамазул гIемерисел гьаб Къуръан дуде рещтIизабиялъ жеги жидер куфруялъулъ ва къосиналъулъ цIикIкIинаризе руго. Дица гьеб капураб къавмалда гьоркьоб цоцаздехун ццим бахъин ва тущманлъи гьабуна, къиямасеб къо щвезегIан тIаса унареб. Жидеца бусурбабазде рагъизе абун цIа боркьанщинахъе Аллагьас (عز وجل) гьезул цIаги свинабула.** Рагъуе гьел хIадурлъидалго Аллагьас (عز وجل) цо багьана гьабун гьезул хIадурлъи хвезабула.

**Ракьалда тIад цIакъ пасалъаби гьарун хьвадулел руго ягьудиял,** бусурбабазе хIилла ургъун, гьел цоцазде тIаде тIамун. Гьаб буго жидер кидаго бугеб тIабигIат, **Аллагьасе рокьуларо жидеца пасалъи гьабулел гIадамал.**




**65. Жидехъе тIехь кьурал ягьудиял ва насраниял, Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул аварагасда ﷺ иман лъун Аллагьасдаса хIинкъун хьвадулелани, дица гьезул церехун арал киналго мунагьал рахчилаан ва нигIматазул цIурал алжаналъурги лъугьизарилаан.**

**66. Китабияб агьлуялъ Инжил Тавраталда рекъон гIамал гьабулебани ва гьаб Къуръаналда жаниб рещтIизабураб жоялдаги гIамал гьабулебани, жидее цIакъ гIатIидго ризкъи кьелаан ва зобалазулги ракьазулги баракатал гьезие щвелаан. Гьел китабияздаса цо къукъа буго МухIаммадида ﷺ иман лъурал ва жидер гIамал шаргIалда битIараблъун бугел. Амма гьел китабиязул гIемерисел жидер гIамал цIакъ квешал руго.**

Жинда Аллагь разалъаяв ГIумар асхIабасде хабар щвана Басрат шагьаралда валилъун (хIакимлъун) вугев жинда Аллагь разилъаяв Абумусаца цо насранияв гьавун вугин жиндир катиблъун (жинца хъвалев чи). ГIумар асхIабас Абумусахъе (ра) кагъат битIана: «Аллагьас гIодорегIан гьарурал гIадамал нужеца кIодо гьаруге! Аллагьас (عز وجل) хиянаталлъун гьарурал гIадамал нужеца божараллъунги гьаруге! Аллагьас (عز وجل) рикIкIад гьарурал нужеца гIагарде гьаруге!» – абун. Абумусаца абидал: «Гьаб Басрат шагьаралда насраниясдаса квербакъи гьабичIого рес гьечIо» – абун. ГIумар (ра) асхIабас абуна: «Насранияв хвараб мехалъ щиб гьабизе бугеб?» – абун.


Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабасул гIакъилаб каламалъ нилъеда бичIчIизабулеб буго бусурбаби капурзабазул гIелму-лъаялдаса мунпагIат босун рукIине бегьулареблъи. Бусурбаби рукIине ккола кинабго рахъалъан жидер гьунар тIокIаллъун ва капурзаби жидер гIелму-лъаялда бахиллъунги.

**67. Я гьав Бичасул расул! Дуца гIадамазухъе щвезабе дица дуде рещтIизабураб Къуръан. Гьаб дуца гIадамазухъе щвезабичIони, мун Аллагьасул (عز وجل) рисалат тIобитIаравлъун вукIунаро.** ГIадамазул заралалдаса мун хIинкъуге. **Аллагь вуго мун цIунулев гьезул заралалдаса. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) капураб къавм битIараб нухалда тIобитIуларо.**

**68. Дуца гьел китабиязда абе МухIаммад ﷺ: Я гьаб китабияб агьлу, нуж битIараб диналда рукIунаро нужеца Инжилги Тавратги ритIухъ гьарун гьезда гIамал гьабичIони. Гьединго нужеца иман лъезе ккола Аллагьас (عز وجل) нуж киназдего рещтIизабураб Къуръаналдаги. Гьел китабиязул гIемерисезул куфру ва къосин цIикIкIинабун буго дуде рещтIизабураб Къуръаналъ,** гьелда иман лъечIого чIун. **Гьеб капураб къавмалъул пишаялъ мун пашман гьавуге МухIаммад ﷺ,** гьезул гIадат ва тIабигIат буго аварагзаби гьереси гьари ва тIахьазда иман лъунгутIи.

**69. Жидеца Аллагьасдаги (عز وجل) МухIаммад ﷺ аварагасдаги иман лъурал гIадамал: ягьудиялги, насраниязул саибуна абулеб цо къокъаги** (жидеца цIвабзазе лагълъи гьабурал) **ва ГIиса (гIв) аварагасда иман лъурал насраниялги. Гьал рехсарал къокъабаздаса ширк гьабичIого, щакдаричIого Аллагьасда иман лъурал гIадамал. Гьединго ахир къиямасеб къоялдаги иман лъурал ва Аллагь (عز وجل) разилъулеб лъикIаб гIамалги гьабурал. Гьал гIадамазе щибго хIинкъи букIине гьечIо ахираталда хIисаб-мизан гьабулеб мехалъ ва гьел жидеца дунял теялда пащманлъизеги гьечIо.** жал урхъун рукIарал алжанал жидее щведалго дуняд теялда кин гьел пашманлъилел?

**70. ХIакълъунго дица бану исраилаздаса къотIи босун букIана жидеца Аллагьасдаги (عز وجل) ва гьесул расуласдаги ﷺ иман лъезе. Ва дица гьезухъе аварагзабиги ритIана гьел хIакъаб нухда тIоритIизе ва гьезие дин баян гьабизе. Цинги гьел аварагзаби жидехъе рачIиндал, гьезул напсазе бокьулареб жоялдалъун: хIарамаб, хIалалаб жо бицун, амру - нагью гьабун, Аллагьас тIад лъураб фарз бицун, гьез цо аварагзаби гьереси гьаруна ва гьезда нахърилъльинчIо, цогидал аварагзаби чIвана.**


الجُزءُ السَّادِسُ سُورَةُ المَائِدَةِ

وَحَسِبُوٓاْ أَلَّا تَكُونَ فِتۡنَةٞ فَعَمُواْ وَصَمُّواْ ثُمَّ تَابَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِمۡ ثُمَّ
عَمُواْ وَصَمُّواْ كَثِيرٞ مِّنۡهُمۡۚ وَٱللَّهُ بَصِيرُۢ بِمَا يَعۡمَلُونَ ٧١
لَقَدۡ كَفَرَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡمَسِيحُ ٱبۡنُ مَرۡيَمَۖ وَقَالَ ٱلۡمَسِيحُ
يَٰبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ رَبِّي وَرَبَّكُمۡۖ إِنَّهُۥ مَن يُشۡرِكۡ
بِٱللَّهِ فَقَدۡ حَرَّمَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِ ٱلۡجَنَّةَ وَمَأۡوَىٰهُ ٱلنَّارُۖ وَمَا
لِلظَّٰلِمِينَ مِنۡ أَنصَارٖ ٧٢ لَّقَدۡ كَفَرَ ٱلَّذِينَ قَالُوٓاْ إِنَّ ٱللَّهَ
ثَالِثُ ثَلَٰثَةٖۘ وَمَا مِنۡ إِلَٰهٍ إِلَّآ إِلَٰهٞ وَٰحِدٞۚ وَإِن لَّمۡ يَنتَهُواْ
عَمَّا يَقُولُونَ لَيَمَسَّنَّ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ مِنۡهُمۡ عَذَابٌ أَلِيمٌ ٧٣
أَفَلَا يَتُوبُونَ إِلَى ٱللَّهِ وَيَسۡتَغۡفِرُونَهُۥۚ وَٱللَّهُ غَفُورٞ رَّحِيمٞ ٧٤
مَّا ٱلۡمَسِيحُ ٱبۡنُ مَرۡيَمَ إِلَّا رَسُولٞ قَدۡ خَلَتۡ مِن قَبۡلِهِ ٱلرُّسُلُۖ وَأُمُّهُۥ
صِدِّيقَةٞۖ كَانَا يَأۡكُلَانِ ٱلطَّعَامَۗ ٱنظُرۡ كَيۡفَ نُبَيِّنُ لَهُمُ ٱلۡأٓيَٰتِ
ثُمَّ ٱنظُرۡ أَنَّىٰ يُؤۡفَكُونَ ٧٥ قُلۡ أَتَعۡبُدُونَ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا
يَمۡلِكُ لَكُمۡ ضَرّٗا وَلَا نَفۡعٗاۚ وَٱللَّهُ هُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ٧٦ قُلۡ
يَٰٓأَهۡلَ ٱلۡكِتَٰبِ لَا تَغۡلُواْ فِي دِينِكُمۡ غَيۡرَ ٱلۡحَقِّ وَلَا تَتَّبِعُوٓاْ أَهۡوَآءَ
قَوۡمٖ قَدۡ ضَلُّواْ مِن قَبۡلُ وَأَضَلُّواْ كَثِيرٗا وَضَلُّواْ عَن سَوَآءِ ٱلسَّبِيلِ ٧٧

١٢٠

**7I. Бануисраилазда ракIалде кколеб букIана гьез аварагзаби гьереси гьарураб ва чIвараб мехалъ, жидее щибго къварилъи букIинаро абун. Цинги гьез хIакъаб жоялдаса гIинкълъун, битIараб нухдаса беццлъун, гIасилъи, пасикълъи гьабулеб букIана. Аллагьас (عز وجل) гьезул тавбо къабул гьабун букIана, амма хадубги жидер гIемерисел гIинкълъиялдеги беццлъиялдеги ана ва Аллагьасе мутIигIлъи тана. ТIадегIанав Аллагь гьаб капурраб къавмалъ гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулев ва лъалев вуго,** жинца гьезие гIазаб гьабизе бугевги вуго.

**72. Жидеца Марьямил вас ГIиса (гIв) авараг Аллагь (عز وجل) вугоян абулел гIадамал капурал руго. ГIиса аварагас къавмалда абуна: Я бануисраилал! Нужеца гIибадат гьабе цохIо Аллагьасе (عز وجل), дирги нужерги БетIергьанлъун жив вугев – абун. Аллагьасде ширк гьабурав ва цоги щибжо бугониги гьесул бакIалда чIезабурав чиясе Аллагьас (عز وجل) алжан хIарам гьабун буго ва гьев вуссунеб бакI жагьаннама буго. Аллагьасул (عز وجل) амруялде гIасилъун жидеца зулму гьабурал гIадамазе ахираталда квербакъулев щивго чи вукIинаро.** Ва гьел жидее хIакълъараб гIазаб чIамичIого рорчIуларо.

**73. Гьединго капурал руго жидеца Аллагь (عز وجل) лъабго жоялъулъ вугев цо Аллагь вуго абурал гIадамалги.** Гьез абула Аллагь Аллагьлъун вукIин гIахьалаб бугин Аллагь ва ГIиса ва Марьям абураб лъабго жоялъулъ. Цоги рахъалъан гьаб магIна буго: эмен, вас, бацIцIадаб рухI абураб жоялъулги. Гьаб жидер ргIиялъе мисалги бачуна: бакъ цо жо буго, гьелъул гор (гордо) буго ва хинлъиги буго ва гвангъиги буго абун. Гьаб ргIи цIакъго загIипаб ргIи буго ва цодагьабниги гIакълу бугев чиясда жиб батIулаб букIин лъалеб буго.


**Цоги щивго алагь гьечIо цохIо Аллагь (عز وجل) гурев,** жив цогояв, жинда релълъараб щибго жо гьечIев ва жинда данде чIчIолеб жоги гьечIев. **Жидеца гьаб Аллагь лъабго жо буго абулеб ргIи течIони ва Аллагь (عز وجل) цо гьавун гьесие гIибадатги гьабичIони, гьал капурал гIадамазде жинца цIакъ унтизе гьабулеб гIазаб щвезе буго.**

**74. Гьал гIадамаз тавбо гьабун Аллагьасда жидер мунагьал рахчи гьарулебани! ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) мунагьал рахчулев ва гурхIулев вуго.**

**75. Марьямил вас ГIиса (гIв) Аллагьасул расул вуго,** гьев Аллагь гьечIо, яги Аллагьасул вас гьечIо. **ГIиса аварагасда цереги рукIана гьев гIадинал расулал. ГIиса аварагасул эбелги Аллагьасе (عز وجل) гIибадат бацIцIадай, жий ритIухъай гIадан йиго. Гьел кIиялго жидеца тIагIам кваналелги рукIана. Мун валагье МухIаммад ﷺ, кин дица гьал гIадамал кантIизе мисал бачунеб ва гьазие мугIжизатал ва гIаламатал баян гьарулел. Цинги мун валагье гьал гIадамал хIакъаб жоялда рачIун гутIиялда** ва жидецаго ургъарал гьерсазда нахърилълъун тIирун чIеялдаги.

**76. Дуца гьел китабиязда абе, МухIаммад ﷺ, нужеца Аллагь (عز وجل) живго тун,** гьесие гIибадат гьабичIого, **нужее щибго мунпагIат яги зарал гьабизе кIоларе жоялъейищ гIибадат гьабулеб бугеб? ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) нужеца бицунеб жо ргIулев ва нужеца гьабулеб гIамал жинда лъалев вуго.**

**77. Жегиги дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я гьаб китабияб агьлу!** Диналда жаниб нужеда тIад гьабичIеб жо гьабун ва нужеда лъалареб жо бицун **нужеца диналъулъ гIорхъолъан арал жал гьаруге. Нуж ягьудиязул ва насраниязул къосараб къавмалда нахъги рилълъунге! МухIаммад ﷺ авараг витIилелде цереги къосараллъун рукIарал ва жидеца гIемерал гIадамал хIакъаб диналдаса къосинарурал гIадамал руго гьел. Гьел гIадамал гьанжеги битIараб нух биларал руго.**




**78. Бануисраилазул капурал гIадамазе Аллагьасул (عز وجل) лагIнат буго абуна Давуд аврагасул ва ГIиса аварагасул мацIалда. Гьезие Аллагьасул лагIнат букIиналъе гIиллаги буго жидеца гIемер гIасилъаби ва заралал гьарулел рукIин.**

ИбнугIаббасица (ра) абуна: ягьудиязул капурал гIадамазе Аллагьас лагIнат кьуна щивав аварагасул мацIалда. Давудихъе кьураб забуралда лагIнат кьуна, ГIисахъе кьураб Инжилалдаги лагIнат кьуна, Муса (гIв) аврагасухъе кьураб Тавраталдаги, МухIаммад ﷺ аварагасухъе кьураб Къуръаналдаги лагIнат кьуна – абун. Цоги гIалимзабаз абуна: ягьудияз шамат къоялъ ччугIа ккун Аллагьасе гьабураб къотIи хвезабураб мехалъ Давуд (гIв) аварагас жидее квешаб дугIа гьабун гьеб къавмалъул маймалакал гьаруна. ГIиса (гIв) аварагасул заманаялъ рукIарал ягьудияз, зодосан рещтIизабураб квенги кванан рукIаго, ГIиса аварагасда инкар ккураб мехалъ, Аллагьас (عز وجل) гьезул болъонал гьаруна-абун.

**79. Гьаб квешаб къавмалъул цояз цоял нахъги чIвалел рукIинчIо квешлъи гьабиялдаса. ЦIакъ квешаб пиша букIана гьез гьабулеб.**

Замашхарияс абуна: Аллагьас (عز وجل) ягьудиязда гIайиб чIвалеб буго гьез амру-нагью теялда. Бусурбабазул хIалалде балагьараб мехалъ гьазул хIал жегиги захIматаб буго: жидеда Къуръанги рещтIизабурал, гьелда цересел умматазул къисабиги рицарал, гьел умматаз Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул аварагасда (гIв) хилиплъи гьабураб мехалъ гьезие гьабураб гIазабги бицарал.

Гьелдаги тIаде хирияв аварагасул мацIалда хIалалаб-хIарамаб жо малъун, амру-нагью лъазабун, инсан жинда хIажалъулеб кинабго жо баян гьабураб бацIцIадаб суннатги жидехъе щварал. Гьеб кинабго жо жидеда лъалебги букIаго Аллагьасда (عز وجل) гIассилъарал, амру-нагью гьабуларел.


**80. Дуда гьел ягьудиязул гIемерисел рихьила, МухIаммад ﷺ, жидеца капурзаби тIаса рищун гьезулгун гьудуллъи гьабулеллъун. Гьезие ахираталда цIакъ квешабльун батизе буго гьеб гIамал: Аллагьасул (عز وجل) ццим бахъин букIина гьелъие жаза ва гьелги абадияб жужахIалъул гIазабалъулъ рукIина.**

**8I. Гьал ягьудиял Аллагьасдаги (عز وجل) аварагасдаги ﷺ иман лъурал, аварагасде рещтIинабураб Къуръаналдаги иман лъурал рукIаралани, гьез мушрикал гьудулзабилъун кквезе рукIинчIо. Гьел ягьудиязул гIемерисел гIадамал пасикъал гIадамал руго,** Аллагьасде мутIигIлъуларел ва аварагасда нахърилълъунарел.

**82. Муъминзабазда тущманлъи гьабулезул бищунго квешал ва къуватал дуда ратила, МухIаммад ﷺ, ягьудиял ва мушрикал. Муъминзабаздехун рокьи бугеллъун ва гьезде гIагараллъун дуда ратила, МухIаммад ﷺ, «ниж насраниял ругоян»- абулел гIадамал.** ГIиса (гIв) аварагасда иман лъурал ва гьесул дин гьабулел гIадамал**. Гьал насраниял нужедехун тамахал ва гIагарлъи гьабулел рукIиналъе сабаб буго гьезда гьоркьор гIалимзаби рукIин ва Аллагьасе (** عز وجل**) гIибадат гьабулел гIадамал рукIин ва гьел гIамал кIудиял, чIухIарал гьечIолъиги.** Гьаб буго доб заманаялъ рукIарал насраниязул гIамал.

**83. гьал насраниязда МухIаммад ﷺ аварагсде рещтIинабураб Къуръан рагIараб мехалъ ва гьелъухъ гьел гIенеккараб мехалъ, дуда гьезул берал магIу тIун гIодулел рихьула,** Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун ракI тIеренлъун, Аллагьасул каламалъ жидее лъикIаб асар гьабун. **Гьеб Къуръан хIакъаб Аллагьасул (عز وجل) калам букIин лъан гIодула гьезул берал. Ва жидецаги абула: «Ва нижер бетIергьан Аллагь! Нижеца иман лъуна дур авараг МухIаммадида ﷺ ва гьесде рещтIинабураб Къуръаналдаги. Дуца ниж гьав МухIаммадил умматалде гьоркьоре гьаре!**

къиямасеб къоялъ жидеца киналго умматазе нугIлъи гьабулел гьезухъе аварагзаби ритIиялда ва тIахьал рещтIинариялда.




**84.** Насраниязда ягьудияз гIайиб чIвадал гьез Аллагьасда ва гьесул расуласда иман лъеялъе гIоло, насранияз абулеб буго: Нижеца Аллагьасдаги гьесул рахъалъан бачIараб хIакъаб Къуръаналдаги иман лъечIого букIине гIиллаго щиб бугеб? Нижеда тIадаб буго гьеб иман лъейи. **Нижер БетIергьан Аллагьасда хьул буго жинца ниж иман камилал, аварагасда нахърилъэиналъулъ ритIухъал гIадамалгун цадахъ жиндир рахIматалъулъе лъугьинарила абун.**

**85. Гьаб жидер ргIиялъе гIоло ва жидеца хIакъикъияб иман лъеялъе гIологи Аллагьас гьаб къокъаялъе жазаълъун гьабуна жидеда жанисан нигIматазул гIорал чвахулел алжанал. Даимго рукIинелъун гьеб алжаналъуре лъугьине гьарула гьел гIадамал. Гьаб буго Аллагьас лъикIал гIадамазе гьабулеб жазаъ.**

**86. Ва амма жидеца Аллагьасдаги гьесул аварагасдаги инкар ккурал гIадамал, дир аятал ва мугIжизаталги жидеца гьереси гьарурал: гьел гIадамал руго жужахIалъул бетIергьаби, даимго гьенир жанир рукIунел.** Цо-цо жагьилал гIадамаз гьаб 82 абилеб аятги цIалун гьелдаса хIукму босулеб буго насраниял ругин гIурусал ва гьел бусурбабазул гьудулзаби ругин. Гьал жагьилзабаца гьаб аталда хадур ругел (83-84) аятал цIалулел гьечIо ва гьезда жаниб бугеб жоги гIадамаздаса бахчулеб буго.


Гьал аятаз баян гьабулеб буго муъминзабада жидер рокьи ва гIагарлъи бугел насраниял рукIин жидеца Инжилалда гIамал гьабулеб букIарал, цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIамад аварагасда иманги лъурал насраниял. Гьаб хIукму гьадин букIин 86 абилеб аяталъ загьирго баян гьабун буго.

**87. Я гьал иман лъурал гIадамал! Аллагьас (عز وجل) хIалал гьарурал нигIматал нужеца хIарам гьаруге! ХIалалаб жо тун хIарамаб жоялдехун ун Аллагьас нужее рихьизарурал гIорхъабиги хвезе гьаруге! ХIакълъунго Аллагьасе (عز وجل) гIорхъолъан унел гIадамал рокьуларо.**

**88. Нужеца Аллагьас (عز وجل) кьураб ризкъиялдаса хIалалаб, бацIцIадаб жо кванай. Ва нуж хIинкъа нужеца жинда иман лъурав БетIергьан Аллагьасул шаргIалъул гIорхъаби хвезаризе.**

**89**. **Аллагьас (عز وجل) нужее къварилъи гьабуларо нужеца хабаралда гьоркьоб гьа гьеданин абун. Нужеда гIайиб чIвалеб жо буго бокьун, ракIалъ ният гьабун гьа гьеди.** Гьа гьедун хадуб нужеца гьеб хвезабуни ва гьа гьедун тIад босараб жоги гьабичIони, **нужеца кафарат бахъе анцIго мискинчиясе тIагIам кьун: нужер гьоркьохъеб рес-махIалалъул чияс кваналеб къадар ва жинс. Яги цо-цо мискинчиясе ретIел кье:** цо горде, цо тIажу ва гьелда релъэараб жо. **Яги цо лагъ тархъе. Гьаб лъабго жоялъул цонигияб гьабизе рес рекъечIев чияс лъабго къоялъ кIал ккве. Гьаб буго нужер гьа хвезабиялъе бугеб кафарат. Нужеца шаргIалда хIарамаб жоялдалъун гьаял гьедуге ва хIалалаб жоялдалъун гьедараб гьа тIубазабе.** Бищунго шаргIалда рекъараб буго гьа гьедичIого тей. **Гьедин Аллагьас (عز وجل) нужее баян гьарула жиндир шаргIалъул хIукмаби, нуж битIараб нухда тIоритIараллъун рукIине ва нужеца гьесие щукруги гьабизе.**

**90. Я гьал иман лъурал гIадамал! ХIакълъунго хамро** (жинца мехтизе гьарулеб жо) **майсирги** (гьоркьоб жо лъун хIай: кагъат тIами, нардал, шахматал, торго хIай, лото, лоторея ва цоги щиб бугониги), **жидее лагълъи гьабулел заналги, жидедалъун пал тIамулел чIоралги,- гьеб кинабго жо жиндилъ мунагь бугеб, Аллагьас (عز وجل) хIарам гьабураб, чорокаб жо буго, щайтIаналъул гIамалаздасаги буго. Нуж гьел рехсарал жалаздаса цIакъ рикIкIалъе ва гьезда аскIореги къаге!** Гьал хIарамал жалаздаса рикIкIалъун, хIалалаб, бацIцIадаб жоялде гIагарлъун нуж хьвадани, **Аллагьасул (عز وجل) киналго лъикIлъабазда нужер квершел батила ва дунял-ахираталда бахьи бугездасаги рукIина.**




**9I. ЩайтIаналъе бокьараб жо буго нужеда гьоркьоб тущманлъи ккезаби. Мехтел гьекъолеб ва хIарамал хIаял гьарулеб бакI буго бищунго щайтIаналъ инсан кодове восулеб бакI. Гьедин бугелъул щайтIаналъ нужеда тIубанго Аллагь (** عز وجل**) кIочезавула ва Аллагьасе гIибадат гьабиялдасаги, паризаяб как баялдасаги нуж руссизарула. Нужеца гьанжегIаги гьеб къабихIаб пиша теларищ, я муъминзаби!**

**92. Нуж Аллагьасе (**عز وجل**) ва гьесул расуласе** ﷺ **мутIигIлъе ва нуж хIинкъа Аллагьасул ва аварагасул амруялъе хилиплъизе. Нагагь нужеца гьаб Къуръаналъул малъи босичIони ва нуж исламияб диналдаса руссун чIани – цинги нужеда лъан букIа: хIакълъунго дир расуласда тIад буго нужехъе хIакъаб дин щвезаби ва нуж гьелде диналде ахIи.** Нуж Аллагьасеги (عز وجل) гьесул расуласеги ﷺ мутIигIлъунгутIиялъул зарал ва гьелъул гIазаб-къварилъи нужее букIине буго. Нуж хIинкъа Аллагьасда гIасилъизе, хIакълъунго аллагьасул гIакъуба ва гIазаб цIакъ гучаб буго.

**93. Жидеца Аллагьасда иман лъурал, аварагасда нахърилъулъун лъикIаб гIамал гьабурал муъминзабазе мунагь-хIакъ букIине гьечIо жидее хIарам гьабизе цебехун кванараб ва гьекъараб жоялъул. Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъун хIарамаб жо тараб мехалъ ва гьесда иман лъун, гьев разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамалги гьабураб мехалъ. Цинги Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъиялда ва иман лъеялда тIад чIараб мехалъ, хIарамаб жо теялда, кинабго лъикIаб гIамал гьабиялда тIадги чIараб мехалъ. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) жидеца лъикIаб гIамал гьабулел муъминзаби рокьулев вуго.**


ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб цо аяталда жаниб лъабго нухалъ Аллагьасдаса хIинкъиялъул бицен гьабуна, гьал аятазда жаниб жидер хIукму бицарал хIарамал жал: хамро ва гьоркьобжо лъун хIаял, цIакъ кIудиял мунагьал рукIиналде кантIизарун ва гьездаса муъминзаби нахъе тIуркIизарун.

«Тасгьил» абураб тапсиралда абуна: гьаб аяталда жаниб бугеб тIоцебесеб Аллагьасдаса хIинкъа абураб ргIи буго куфру-ширкалде буссараб. КIиабилеб ргIи буго шаргIалда хIарам гьабураб жоялде буссараб. Лъабабилеб ргIи буго хIарамаб жоялде ккеялдаса хIинкъун шубгьояб, карагIатаб, хIатта хIалалаб жо гьабизе хIинкъа Аллагьасдаса абураб магIнаялда бугеб - абун. Жинца мехтизе гьарулеб жо хIарамаб букIин машгьураб жо буго, гьединго хIарамал руго гIакълуялъе ва черхалъе зарал гьабулел наркотикал абун жидеда цIар тарал жалги. Жинца хIалтIизабизе хIарамаб жо цогидазе кьезеги бичизеги хIарамаб букIуна. Гьеб бичун щвараб мухьги хIарамаб букIуна.

**94. Я гьал иман лъурал гIадамал! ХIеж бухьун ругеб мехалъ Аллагьас нужер хIалбихьи гьабизе буго, нужер кверал ва чIорал щолеб бакIалде чанги гIагар гьабун: Гьесда лъазе щив вугев Аллагьасдаса (**عز وجل**) гIемер хIинкъулев, гIадамазда гьоркьов вугеб ва гьездаса ватIаго вугеб мехалъги. Аллагьас (**عز وجل**) хIарам гьабун букIаго чан гьабурав чиясе жинца унтизабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**95. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца чан чIваге нуж хIеж бухьун ругеб мехалъ. ХIарамаб букIин лъалебги букIаго бокьун чан чIварав чиясе жаза буго гьеб чаналда рекъараб хIайван гIакIаде бахъи. ГIакIаде бахъизе кколеб хIайваналъе хIукму гьабила нужеда гьоркьосан кIиго гIадилав чияс. Гьеб гIакIаде бахъараб хIайван хъун гьелъул гьан бикьила Маккаялда ругел мискинзабазе. ХIайван босизе рес рекъечIони Маккаялъул мискинзабазе тIагIам бикьила. Чан чIварав чиясда гьаб гIакIа тIад гьабуна, гьес хIеж бухьиналъул хIурмат хвезабиялъе гIоло. Чан хIарам гьабилелде цебеккун ккараб жоялдаса Аллагь (**عز وجل**) тIаса лъугьуна. ХIарам гьабун хадубги чан чIварасдаса Аллагьас ццим босула,** ай жинда тIад гIакIа лъола тIадехун рехсараб

хIалалъ. **ХIакъалъунго Аллагь (عز وجل) гуч бергьарав вуго ва жиндир амруялда гIассилъаразе гIакъуба-гIазаб гьабулев вуго.**


الجُزءُ السَّابِعُ سُورَةُ المَائِدَةِ
أُحِلَّ لَكُمْ صَيْدُ ٱلْبَحْرِ وَطَعَامُهُۥ مَتَٰعًا لَّكُمْ وَلِلسَّيَّارَةِ ۖ
وَحُرِّمَ عَلَيْكُمْ صَيْدُ ٱلْبَرِّ مَا دُمْتُمْ حُرُمًا ۗ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ ٱلَّذِىٓ
إِلَيْهِ تُحْشَرُونَ ﴿٩٦﴾ * جَعَلَ ٱللَّهُ ٱلْكَعْبَةَ ٱلْبَيْتَ ٱلْحَرَامَ
قِيَٰمًا لِّلنَّاسِ وَٱلشَّهْرَ ٱلْحَرَامَ وَٱلْهَدْىَ وَٱلْقَلَٰٓئِدَ ۚ ذَٰلِكَ لِتَعْلَمُوٓا۟
أَنَّ ٱللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ وَأَنَّ ٱللَّهَ بِكُلِّ
شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٩٧﴾ ٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ ٱللَّهَ شَدِيدُ ٱلْعِقَابِ وَأَنَّ ٱللَّهَ
غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٩٨﴾ مَّا عَلَى ٱلرَّسُولِ إِلَّا ٱلْبَلَٰغُ ۗ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ مَا
تُبْدُونَ وَمَا تَكْتُمُونَ ﴿٩٩﴾ قُل لَّا يَسْتَوِى ٱلْخَبِيثُ وَٱلطَّيِّبُ
وَلَوْ أَعْجَبَكَ كَثْرَةُ ٱلْخَبِيثِ ۚ فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ يَٰٓأُو۟لِى ٱلْأَلْبَٰبِ
لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿١٠٠﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَسْـَٔلُوا۟ عَنْ
أَشْيَآءَ إِن تُبْدَ لَكُمْ تَسُؤْكُمْ وَإِن تَسْـَٔلُوا۟ عَنْهَا حِينَ يُنَزَّلُ
ٱلْقُرْءَانُ تُبْدَ لَكُمْ عَفَا ٱللَّهُ عَنْهَا ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ حَلِيمٌ ﴿١٠١﴾
قَدْ سَأَلَهَا قَوْمٌ مِّن قَبْلِكُمْ ثُمَّ أَصْبَحُوا۟ بِهَا كَٰفِرِينَ ﴿١٠٢﴾ مَا جَعَلَ
ٱللَّهُ مِنۢ بَحِيرَةٍ وَلَا سَآئِبَةٍ وَلَا وَصِيلَةٍ وَلَا حَامٍ وَلَٰكِنَّ ٱلَّذِينَ
كَفَرُوا۟ يَفْتَرُونَ عَلَى ٱللَّهِ ٱلْكَذِبَ ۖ وَأَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ﴿١٠٣﴾
١٢٤

**96. Нужее хIеж бухьараб мехалъ хIалал гьабун буго ралъдал хIайваназде чан гьабизе ва ралъдал рухIчIаголъи кваназе. Гьеб нужер ризкъи буго, рукъоб кваналеб ва сапаралде цадахъ босулеб. Ракъдал хIайваназде чан гьаби хIарам гьабуна нуж хIеж бухьун ругеб мехалъ. Нуж хIинкъа гьал шаргIиял хIукмаби хвезаризе ва Аллагьасде (** عز وجل**) гIассилъизе. Ахир кинабго халкъ жиндихъе данде гьабулев вуго гьев Аллагь,** хIисаб-мизан ва жаза гьабизе.

**97. ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) КагIба рукъ ва масжидул хIарам гьабуна гIадамазе магIишат гьабизе рес бугеб ва санагIат бугеблъун:** гьезул диналъе ва дунялалъе къваригIунеб жо Аллагьас гьеб Маккаялде бачIизабуна. **Гьединго рагъ хIарам гьабурал моцIалги гьаруна гьезие магIишат гьабизе санагIат бугеллъун,** гьел моцIазулъ тущманасдаса хIинкъи букIунарелъул. ХIажизабаз маккаялде бачIунеб боцIи: **гьадю абун ай сайгъат - гьебги гьабуна Маккаялъул гIадамазе маслигIаталъе.** Гьаб рехсараб жо Аллагьас (**عز وجل**) гьабуна **нужеда лъазе гIоло Аллагь зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго жо лъалев вукIин. Ва жинда кинабго жо лъалев вуго Аллагь (**عز وجل**).**

**98. Нужеда лъай, я гьал гIадамал, тIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) жинда гIасилъарал гIадамазе къвакIараб, гучаб гIазаб гьабулев вукIин. Гьединго нужеда лъай, ТIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) муъминзабазда гурхIулев, гьезул мунагьал чурулев вукIин.**


**99. Аллагьасул расулсда тIадаб гьечIо нужехъе хIакъаб дин щвезаби ва нужеда битIараб нух бихьизаби гурони. ХIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) нужеца загьирго гьабулеб гIамал лъалев вуго ва нужеца гIадамаздаса балъго гьабулеб гIамалги лъалев вуго,**

**I00. Дуца гьел гIадамазда абе, МухIаммад ﷺ: хъубаб, чорокаб жоги бацIцIадаб, хIалалаб жоги бащад букIунаро, кигIанго хъубаб жо гIемер букIаниги ва гьеб нужее бокьаниги.** Гьаб ргIи буго кинабго лъикIаб ва квешаб жоялда жинца щвей гьабулеб: хIалалаб, хIарамаб жоялда, Аллагьасе мутIигIав ва гьесда гIасилъарав чиясда, къадараб, гIодобегIанаб ва лъикIаб, къимат бугеб жоялдаги. Гьединго инсанас гьабулеб кинабго гIамалалдаги щвей гьабула гьаб ргIиялъ: даран-базар бугониги, хIалтIи-пиша бугониги, гIелму-гIамал бугониги. Гьаб кинабго жоялдаса хъубаб, къадараб, гIодобегIанаб, квешаб жо жиндилъ мунпагIат гьечIеб, жиндир ахир баракат гьечIеб букIуна. БацIцIадаб, хIалалаб, лъикIаб жо кигIанго дагьаб бугониги, жиндилъ баракат бугеб букIуна ва жиндир ахир лъикIаб букIуна. Гьаб хIукму гьадин бугелъул. **нуж Аллагьасдаса (**عز وجل**) хIинкъа, я гIакълудал бетIергьаби.** Аллагьасдаса хIинкъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазул **дунял-ахираталъул киналго умурал ритIун ккола ва жидер лъикIлъиялда квершел батула.**

**I0I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъуге нужер жинда хIажалъи ккун гьечIеб жо. Нужеца гьикъун Аллагьас (**عز وجل**) хIукму рещтIизабураб мехалъ, гьеб нужее захIматаб букIине бегьула. Аллагьас Къуръан рещтIизабулеб мехалъ нужеца аварагасда гьикъараб масъалаялъе хIукму бачIине буго ва гьеб нужее захIматаб букIине бегьула. Гьаб аят рещтIинегIан цебеккун гьикъараб жоялдаса Аллагь (**عز وجل**) тIаса лъугьана. ХIакълъунго Аллагь жив гурхIулев, жинца мунагьал рахчулев вуго.**

**I02. Нужеда цере рукIарал къавмаз жидер аварагзабазда гьикъун букIана гьезие хIажат гьечIеб жоги. Цинги Аллагьас (**عز وجل**) гьез гьарараб жо жидеда тIад лъедал, гьелда инкар ккуна ва Аллагьасул амруялда гIасилъана.**

**I03**. **ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) хIарам гьаричIо «бахIират», «саибат», «василат», «хIам» абун жидеда цIар лъурал хIайванал. Аллагьасде (عز وجل) инкар ккурал гIадамаз ва мушриказ гьесде гIунтИзабун гьереси бицунеб буго ва гьал хIайванал Аллагьас хIарам гьарунин абулеб буго. Гьал капурал гIадамазул гIемерисел жидеца бицунеб жо жидедаго лъаларел руго.**




**I04.** Аллагьасул (**عز وجل**) нух тарал гIадамазда абураб мехалъ: **нуж хIукму гьабизе рачIа Аллагьас (عز وجل) рещтIизабураб Къуръаналда ва гьесул расуласухъе абун, гьез абулеб буго нижее гIезе буго нижер умумул жинда ратараб дин ва гIадат абун. Жидер умумул щибго жо лъаларел рукIаниги ва битIараб нухда гьечIел рукIаниги гьезда нахърилъулъун чIезейищха гьал ахIмакъал гIадамал ругел?**

**I05. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца нужерго напсазда тIад чIей гьабе. Нуж Аллагьасул диналда ругеб мехалъ нужее жал къосарал гIадамаз щибго зарал гьабуларо. Нуж киналго Аллагьасде руссунел руго. Цинги нужеда бицине буго щивасул гIамал** ва нужее жазаги гьабизе буго.

Гьаб аят цIаларав чиясда ракIалде ккезе бегьуларо амру-нагью тун, живго жиндаго вуссун чIа инсан абураб магIна бугин гьаб аяталъул абун. Инсан битIараб нухда тIовитIарав вукIиналъул гIаламат буго гьес амру-нагью гьаби, хIакъаб жо аби ва битIараб нухда гIадамал ахIи.

Гьаб аят рещтIизабиялъе сабаб букIана: муъминазаби цIакъ ракI къварилъун рукIунаан жидеда лъалел гIадамал исламалде рачIунарого, гьел исламалде рачIизе бокьун. Гьал муъминзабазул ракI гIодоб биччазабун абураб ргIи буго гьаб.

Аллагьас (عز وجل) хирияв аварагасдаги ﷺ абуна: «дуца напсалъе къварилъи гьабуге гьел мушриказ иман лъезеян абун». Ва амма гьесда тIадаб букIана кинабго заманаялъ уммат исламалде ахIизе.


Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабас цо къоялъ асхIабзабаздехун хитIаб гьабуна, жив минбаралда гIодов чIун вукIадго ва гьес абуна:

*«Я гьал гIадамал! Нужеца гьаб аят цIалулеб буго ва гьелъул магIнаги мекъсан гьабулеб буго. Дида Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг абулев ргIана: «цо гIадамазда мункараб жо бихьараб мехалъ, цинги жидеца гьеб мункар хисизабичIони (лъикIаб жоялде сверизе гьабун), гьел киназего гIаммаб гIазаб, гIакъуба гьабула Аллагьас (عز وجل)» – абун.*

**I06. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужер цояв унтун вугони,** гьеб унтиги хвалил букIин лъараб мехалъ, **гьев чияс васият гьабе ва гьеб васияталъе нужеда гьоркьоса кIиго гIадилав чияс нугIлъиги гьабе. Нуж сапаралда ругони, гьенир нужеда хвалил унтиги тIаде щвани, гьаб нугIлъи гьабизе бусурбаби ратичIеб бакIалда, кIиго чи чIезаве нугIлъун, щиб миллат ва щиб дин бугониги. Цинги гьав кIиго нугI хварасул варизаби ругеб бакIалде щвараб мехалъ ва гьел варизаби гьав кIиго нугIасул хабаралда божичIони, гIадамаз как бан хадуб** (гIадамал ругеб бакIалда) **гьев кIиявго чи гьа гьедизе тIамила: «Нижеца гьаб гьа гьедун хIарамаб боцIи хIалал гьабиларо, гьев чи нижер гIагарав чи вукIаниги. Нижеца Аллагьасе гIоло гьабулеб нугIлъиги бахчиларо. Гьедин нугIлъи бахчани ва хIарамаб гьа гьедани ниж рукIуна мунагьал гьарулеллъун»**-абун.

**I07. Гьаб гьа гьедун хадуб варизабазда гьев кIиго нугIасул хиянат, яги гьереси бицин лъараб мехалъ, варизабазул бищун цевесев кIиго чи вахъина жидеца гьа гьедизе ва нугIлъи гьабизе. Гьав кIиго варисас абула: «Ниж Аллагьасул цIаралдалъун гьедулел руго нижеца бицунеб жо ва нижер нугIлъи хIакъаб буго дов кIиго нугIас гьабураб нугIлъиялдаса. Нижеца щибго жо тIад цIикIкIинабичIо гьаб гьа гьедиялда жаниб. Нижеца гьа гьедиялда жаниб хиянат гьабуни, ниж зулму гьабулел гIадамаздаса рукIуна»**– абун.

**I08.** Гьаб цебе бицараб хIалалъ нугIлъи гьаби ва гьа гьеди буго **нугIлъи гьаби шаргIалда рекъон кколеб къагIида ва цоги дандехун нугIлъи гьабулел гIадамал рахъун, гьазул нугIлъи хвезабун, гьел къватIир чIвазаричIого рукIиналъе сабабги. Нужер киналго хIалазулъ нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа ва гьесул амруялде мутIигIлъе. ХIакълъунго Аллагьас пасикъаб къавм алжаналде лъугьунеб нухда тIобитIуларо.**




**I09. Нужеда ракIалде щва, я гьал гIадамал, тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) киналго аварагзаби данде гьарулеб къо.** Гьеб буго ахираталда щун хIисаб-мизан гьабизе халкъ тIаде бахъинабураб къо. **Ва жинца гьездаги гьикъулеб: «Нужеца умматал Аллагьасде (عز وجل) иман лъеялде ахIараб мехалъ, гьел умматаз щиб жаваб кьураб?» – абун. Цинги аварагзабаз абулеб: «Нижеда лъалеб жо гьечIо, бетIергьан Аллагь ﷻ, дуда лъалелдаса тIадехун,** гьез нижее кьураб жавабги дуда лъала. Ниж хун хадуб гьез гьабураб гIамалги дуда лъала. **ХIакълъунго мун цIакъ лъикI лъалев вуго.** нижеда лъаларебги жо дуда лъалев вуго; гьелъул загьираб рахъги ва батIинаб рахъги лъалев вуго» - абун.

**I10. ТIадегIанав Аллагьас ГIиса аварагасда абулеб гIужги рехсе,** къиямасеб къоялъ халкъалда цере аварагзаби ахIараб мехалъ: **«Я Марьямил вас ГIиса (гIв)! Дуда лъала гурищ дица дуе ва дур эбелалъе кьурал кIудиял нигIматал. Дица мун гуч гьавуна Жабраил (гIв) малаикги дуе квербакъи гьабизе витIун. Мун дица гIадамазде кIалъалевлъун гьавуна киниялда жанив гьитIинаб лъимерлъун вугеб мехалъ ва кIудияв гIун, авараглъун гьавураб мехалъги. Гьединго дица дуе гIелму ва гIакълу кьуна, хъвай-цIали лъазабуна, Инжил-Таврат цIалулев ва гьеб гIадамазда лъазе гьабулевлъун гьавуна.**

**Дир амруялдалъун хIарщ буцун хIанчIил сурат гьабун, цинги гьелда жаниб дуца пураб мехалъ, дир изнуялдалъун гьеб жо хIинчI гIадин боржун унебги букIана. Дир амруялдалъун ва дир изнуялдалъун жал беццалго гьарурал гIадамалги дуца канлъи бихьулеллъун гьарулел рукIана ва тIомода квешаб унти бугел гIадамалги сах гьарулел рукIана. Гьединго дир амруялдалъун хварал гIадамал чIаго гьарулел рукIана дуца. Бануисраилалги ккуна дица, мун хIакъал мугIжизаталгун гьезухъе вачIараб мехалъ, дуе къварилъи гьабизе риччачIого. Гьел ягьудияз дур хIакъал мугIжизатазда абулеб букIана гьаб жо унго-унгояб, баянаб сихIру бугин абун.** ГIиса аварагас абулаан: ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) дун киналго гIадамазда релъълъун жиндие гIибадат гьабизе вижун вуго ва дун хвезавун ахираталда тIадеги вахъинавизе вугоян абун.

Нилъеца иман лъола гьав ГIиса авараг Аллагьасул расул вукIана абун. Нилъеца инкар гьабула гьев ГIисал хIакъалъулъ ягьудияз ва насранияз рицунел гьересиял харбазда ва жидеца гьесда гIунтIизе гьабулеб Аллагьасда ширк кколеб жоялдаса: гьев Аллагь вуго абун, Аллагьасул вас вуго абун. Гьаб нилъер игIтикъад (рекIел чIей) буго гьаб хадуб бугеб Аллагьасул каламалдаса босараб.

**III**. Гьединго дуца ракIалде щвезабе **дица хIаваријуназда вахIю гьабун абураб гIуж: нужеца дида иман лъе ва дир аварагсдаги иман лъе-абун. Гьез абуна: нижеца иман лъуна, Аллагь (** عز وجل**), ва дуца нугIлъи гьабе ниж иман лъурал рукIиналъе» -** абун.

**II2. Цинги гьел хIаваријуназ абуна: «Я ГIиса, Марьямил вас! Дур бетIергьан Аллагьасда кIолищ нижее зодисан маидат рещтIинабизе?» – абун.** Маидат буго квен-тIех тIад бугеб тIагIел (стол). **ГIиса (гIв) аварагас гьезда абуна: «Нуж иман лъурал ратани Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъе гьединаб жо абизе»** – абун.


**II3. ХIаваријуназ абуна: «Нижее бокьун буго Аллагьас (عز وجل) зодиса рещтIизабураб тIагIам кваназе ва иманалъулъ нижер ракIалги хIалхьезе. Ва гьединго лъазе бокьун буго якъинго, кинабго щаклъи тIагIун, мун ритIухъав авараг вукIин ва дуца жинда ахIулеб динги битIараб**

**букIин. Цогидазеги нугIлъи гьабизе бокьунги буго мун ритIухъав авараг вуго абун ва Аллагьас (عز وجل) дуе мугIжизатлъун зодисан маидат рещтIизабуна абунги» - абун.**

==========

АбусагIидил худрийи (ра) асхIабасдаса хIадис бицана:

***Аварагас ﷺ абуна: «гьаб дунял гьуинаб пихъ гIадаб жо буго, Аллагьу ТагIалаяс нуж дунялалде реччон руго гьелъул нигIматалги хIалал гьарун ва нужеца киндай гьеб дунял гьабулеб абун валагьун вуго*** *(хIалбихьи гьабулев вуго).* ***Нуж гьеб дунялалдаса цIуне*** *(гьелъул гуккиялдаса ва хьулал халалъиялдасаги).* ***Гьединго руччабазул питна-макроялдасаги цIуне. ХIакълъунго Бану исраилазулъ тIоццебе питна руччаби сабаблъун ккана» - абун.***




**II4. Цинги Марьямил вас ГIисаца** (ГIалайгьи Васалам) **абуна: «Я нижер бетIергьан Аллагь (** عز وجل**)! Дуца нижее зодиса маидат рещтIизабе нижее рохеллъун букIунеб, нижеда хадуб бачIунеб нижер диналда бугеб умматалъеги рохеллъун жиб букIунеб. Дур рахъалъан мугIжизатлъунги букIине дир авараглъи тасдикъ гьабулеб. Дуца нижее гьеб ризкъи кье Аллагь (**عز وجل**). ХIакълъунго мун ризкъи кьолезул бищунго лъикIав вуго» - абун.**

**II5.** Цинги ТIадегIанав Аллагьас ГIисал дугIаялъе жаваб гьабуна **ва жинца абуна: «Дица нужее гьеб маидат рещтIинабизе буго. Ва амма гьеб маидат рещтIинабун хадуб жив капурлъарав чиясе, дица цIакъ гучаб гIазаб гьабила, жеги гьединаб гIазаб цониги чиясе гьабичIеб гIадаб»** – абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалъулъ буго: *«ТIадегIанав Аллагьас зодиса маидат рещтIинабуна жинда тIад гьан ва чед бугеб. Бануисраилазда амруги гьабуна метер кваназе абун нахъе жо лъогеян ва хиянат гьабуге абунги. Амма гьез хиянат гьабуна ва тIагIам нахъе лъунги тана. Аллагьас гьезие гIазаб гьабун маймалакаллъун ва болъоналлъун сверизе гьаруна»*–абун.

ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) гIадат бугеб гIадин буго жинда гьарун жинца мугIжизат кьураб мехалъ, гьеб мугIжизаталда инкар ккурал гIадамал гьалаг гьарулеб.

**II6. Гьединго ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) ГIиса аварагасда абураб гIуж рехсе нужеца, нужее вагIза ва гIибрат букIине: «Я Марьямил вас ГIиса! Дуцайищ гIадамазда абураб нужеца дунги дир эбелги алагьаллъун ккве, Аллагьги живго тун абун. ГIиса (гIв) аварагас абуна: «Мун вацIцIадав вуго Аллагь. Дие рес букIунаро ва дида рекъоларо дица гьединаб жо абизе. Гьеб рагIи дица абун букIарабани, дуда гьебги лъалаан. Мун вуго дир напсалъулъ бугеб жоги лъалев, дида лъаларо дур напс ва дур камиллъи. Мун балъгоял жалги цIакъ лъалев,** кинабго жоялда сверун лъугьарав вуго.

**II7. Дица умматалда абичIо дуца амру гьабураб жо гурони.** Дуца дида амру гьабураб жо буго: **«Нужеца гIибадат гьабе цохIо Аллагьасе (**عز وجل**), дирги нужерги БетIергьанлъун жив вугев» - абун. Дун гьеб умматалда гьоркьов вугебгIан мехалъ гьезда жо малъулевлъун ва гьезул хIал лъалев, гьезие нугIлъи гьабулевлъун вукIана. Дуца дун хвезе гьавураб мехалъ мун вукIана, Аллагь (**عز وجل**), гьезул кинабго гIамал дуда бихьулев ва лъалев. ХIакълъунго мун кинабго жо дуда лъалев ва гьелда тIад дур хъаравуллъи бугев вуго.**

**II8. Гьел лагъзадерие дуца гIазаб гьабуни, гьел дур лагъзал ругоха, БетIергьан,** ва гьезие дуе бокьараб хIукму гьабулев вуго. **Дуца гьел мунагьал чурун, тIаса лъугьун тани, мун цIакъ гуч бергьарав, гIадлу битIарав хан вуго, Аллагь (**عز وجل**).**

**II9. ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) абуна: «Гьаб ахир къиямасеб къо буго дунялалда ритIухъаллъун рукIарал гIадамазе гьеб ритIухълъиялъ мунпагIат гьабулеб къо. Гьезие жидеда жанисан гIорал чвахулел алжанал руго. Даимго рукIинелъун гьел алжаназулъ лъугьизарула.**


**Гьездаса Аллагь (عز وجل) разилъун вукIуна,** дунялалда гьел Аллагьасе мутIигIлъун ритIухълъиялда чIун рукIиналъ. **Аллагьасдаса гьелги цIакъго разилъун рукIуна** гьезул ракIалдаго хъатIичIел кIудиял, гIемерал алжаналъул нигIматал жидее кьеялдалъун. **Гьаб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда квершел бати.**

**I20. ТIадегIанав Аллагьасул милк ва мулк буго зобал-ракьал ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) кинабго жоялда хIалкIолев вуго.**

Сурату Аль-маидаталъул тафсир ва таржама тIубана.

سورة الأنعام

**6. Суратул АнгIам**




Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб нусиялда лъабкъоялда щуго аят бугеб.

**I. Кинабго реццалъул бетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго, жинца зобал-ракьал рижарав ва жинца сордо-къоги гьабурав жинда жаниб** (нур) **гвангъи бугеб ва бецIлъиги бугеб. Аллагь (عز وجل) вукIиналда ва гьев цо вукIиналда тIоритIел гьабулел гьал хIужаби ругониги капурал гIадамаз гьесдехун ширк гьабулеб буго.**

**2. Гьев Аллагь вуго нижер БетIергьан, жинца нуж хIарщалдасан рижарав.** Нужер имен Адам хIарщалдасан вижун, **цинги нужее ажалги гьабурав.** Нужеца дунялалда балеб заман ва нуж холеб заман къадар гьабун. **Цоги ажалги гьабураб жинда аскIоб цIунун бугеб ва жив гурев чиясда жиб лъалареб.** Гьеб буго кинабго халкъ тIаде бахъинабулеб заман хIисаб-мизан ва жаза гьибизе. **Цингиги нуж щакдарулел руго, я гьал капурал гIадамал, ахират букIиналда ва хIисаб-мизан букIиналдаги.**

**3. Гьев БетIергьан вуго, жив зобалаздаги Аллагь (عز وجل) вугев ва ракьалдаги Аллагь вугев. Аллагьасе нужер ракIазда бугеб балъгояб жо лъала ва нужеца загьиралда гьабураб жоги лъала, кинабго нужеца гьабулеб пишаги лъала Аллагьасда (عز وجل)** ва гьеб пишаялда рекъараб жазаги гьабула.

**4. Капураб къавмалъухъе БетIергьан Аллагьасул рахъалъан аятал ва мугIжизатал рачIанщинахъе, жидеца гьел аятазда инкар ккуна ва гьел аятазул ва мугIжизатазул пикру гьабиялдаса, гьездаса мунпагIат босиялдаса руссун чIана.**

**5. Аллагьасул рахъалъан бачIараб хIакъаб Къуръанги гьереси гьабуна гьез. Гьезда тIаде бачIизе буго гьез махсароде гьабураб жоялъул хабар ва гьезие гьелъул гIакъуба-гIазабги букIине буго.**

**6. Гьал куфаразда ва мушриказда бихьуларищ ва гьез пикру гьабуларищ чан уммат дица гьалаг гьабураб гьаздаса цере рукIарал ва жидее ракьалда тIад бечелъиги, ханлъиги кьун букIарал, нужее кьуралдаса гIемераб ва лъикIаб. Дица гьезие зодисан цIадги базе гьабулаан. Гьезул ахал-хурзабахъан лъел гIоралги чвахулаан. Цинги гьез кIудиял мунагьал гьарураб мехалъ дица гьел къавмал гьалаг гьаруна ва дица гьел умматал гьалаг гьарун хадуб гьезул бакIалда цоги къавмал рижана.**

**7.** Гьаб аят рещтIизабиялъе сабаб бицана: Маккаялъул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда абуна: «Я МухIаммад! БичасхIаги, нижеца дуда иман лъеларо мун Аллагьасул тIехьги босун вачIун гурони ва ункъго малаикги вачIун гурони гьеб тIехь Аллагьас рещтIизабураб бугин ва мунги гьесул расул вугин абун жидеца нугIлъи гьабулел» – абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб аят рещтIинабуна: **Дица дуде тIехь рещтIинабуниги, МухIаммад ﷺ, жиб кагътида**

**хъвараб ва жидер квераз кодоб ккун гьел тIаде ралагьулеб:** жидер щаклъи тIаса ине ва жидер ишкал борхизе, **цингиги капурал гIадамаз абизе букIана гьаб жо цIакъ кIудияб сихро бугин абун.**

**8. Хадуб жидеца абизе букIана гьав МухIаммадида ﷺ малаик рещтIинавулевани абун.** жидеда гьев малаик кIалъазе ва гьес нугIлъи гьабизе МухIаммад авараг вуго абун. Гьал харбал руго мушриказул гьерсал, жидее хIужа-далил бачIанщинахъе цоги хIужа цIехолел. Гьеб иман лъезе бокьарал гIадамазул пиша гьечIо.


**Гьез тIалаб гьабураб мехалъ гьезда малаик витIани** жидеда гьев вихьи хIехьезе кIолароан **ва гьел гьалаглъизе рукIана ва гьезул гьалаглъи нахъбахъизе букIинчIо.**

==========

ИбнумасгIудидаса (ра) хIадис бицана:

***Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул дугIа букIана: «Я дир Аллагь (عز وجل)! дица дудаса гьидаят гьарулеб буго*** *(хIакъаб жоялда тIовитIи)****, такъваги гьарулеб буго. ХIарамаб, хъубаб жоялдаса цIуниги гьарулеб буго. ГIадамазда кодоб бугеб жоялде хьул лъолареблъун гьабун дир напс бечелъиги гьарулеб буго» - абун.*** ХIадис Муслимица (ра) бицана.

Бечелъи абураб рагIи гIемераб магIишат букIин гьечIо, бугеб жоялда гIейи гьабулеб, гьелдаса разилъун чIолеб напс букIин буго.




**9. Дица жидехъе малаик витIун вукIаравани, гьевги цо чиясул сураталда витIизе вукIана. Гьанжеги жидер долго щакдарабиги ва батIулал харбалги гIемерлъизе рукIана.** жидеца абилаан гьав чи инсан вуго малаик гуро абун.

**I0. Дудаса церехун рукIарал аварагзабазда тIадги махсаро гьабуна, МухIаммад ﷺ, капураб къавмалъ. Цинги гьел къавмазда Аллагьас (** عز وجل**) гьел жиндие мустахIикълъараб гIазабги чIамизабуна гьез аварагзаби** (гIв) **махсароде кквеялда данде.**

**II. Дуца къавмалда абе, МухIаммад ﷺ: нуж гьаб ракьалда тIад хьваде,** нужер даран-базаралъе ва цогидал ишазе. Цинги чIунтарал росаби ва пасалъарал ахал-хурзал рихьараб мехалъ **нужеца пикру гьабе гьел церехун арал, Аллагьги аварагзабиги гьереси гьарулел рукIарал гIадамазул ахир кин ккараб абун.**

**I2. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад ﷺ: гьал зобалазда ва ракьазда бугеб кинабго махлукъат лъил бугеб? - абун. Цинги** дуе гьез жаваб кьечIониги **дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, гьеб кинабго жо Аллагьасул (**عز وجل**) мулк буго абун. Лагъзадерида гурхIел-рахIму гьаби жиндирго напсалда тIад гьабуравги вуго гьев Аллагь (**عز وجل**).** Тавбо гьабурав чи жинца къабул гьавулев вуго. Лагъзадерие гIакъуба гьабизе гIедегIуларевги вуго. **ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) нуж киналго, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб, къиямасеб къоялъ данде гьаризе руго ва нужер гIамалазе жазаги гьабизе буго. Дунялалда куфру-ширкалда хьвадун, ахираталъе чIорого хутIарал гIадамал – жидеца иман лъечIел гIадамал руго.** Ва жидее ахираталда щибго лъикIлъи букIунарелги руго.

**I3. Аллагьасул (**عز وجل**) мулк буго сордо-къоялда жаниб жиб чIараб кинабго жо. ХIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) жинда рагIулев ва жинда бихьулев вуго.**

**I4. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: Аллагьги тун дица цоги щив кколев гьудуллъун ва валилъун. Гьев Аллагь (**عز وجل**) вуго жинца ризкъи кьолев ва жив ризкъиялда хIажат гьечIев, жинца зобал-ракьалги рижарав. Цоги дуца абе, МухIаммад ﷺ: Аллагьас дида амру гьабун буго гьаб исламияб диналъул умматалдаса жидеца иман лъуразул тIоцевесев вукIа дун абун. Ва дида лъазабун буго дун мушриказдаса вукIунге абун.**

**I5. Жегиги дуца абе, МухIаммад ﷺ! Дун Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса хIинкъула, гьесда гIасилъани диде щолеб. Гьеб гIазабги жиндир амру цIкъ кIудияб къиямасеб къоялъул гIазаб буго.**

**I6. Къиямасеб къоялъул гIазаб жинда щвечIев, гьеб гIазаб жиндаса рикIкIад гьабурав чи вуго жинда Аллагь гурхIарав. Аллагь (عز وجل) гурхIиги жиб баянаб ва цIакъ кIудияб лъикIлъиялда квершел бати буго.**

**I7. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) дуда тIад цо къварилъи биччани, дудаса гьеб къварилъи борхулев щивго чи гьечIо, цохIо Аллагь (عز وجل) гурев. Аллагьас дуда цо лъикIлъи щвезабуни** гьеб лъикIлъи нахъчIвазе кIоларев чиги вукIунаро. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) кинабго жоялда хIал кIолев вуго.**

**I8. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир лагьзадерида тIад хIалкIолъи ва гуч бергьарав вуго.** Жиндие киналго гIадамал хIелулев вуго, къуватал, гучал зулмучагIиги жинда цере гIодорегIанлъулев вуго, гIадамазул къадру кIудиялги жиндие мутIигIлъулев вуго.


**Жиндир киналго пишабазулъ хIакимав вуго:** цо маслихIат гьечIеб жо гьабуларев, **кинабго жоялъул гIилму-лъай кодоб бугевги вуго.**

==========

ГIадию бину ХIатим асхIабасдасаги (ра) хIадис бицана:

***Дида Бичасул Расул ﷺ жинца абулев ргIана: цо чияс гьа гьедун цо жо гьабизе къасд гьабураб мехалъ, цинги гьелдасаги лъикIаб, жинда Аллагь (عز وجل) разилъулеб гIамал загьирлъараб мехалъ, гьа биххинабун Аллагь разилъулеб гIамал гьабе - абун.*** ХIадис Муслимица (ра) бицана.

ШаргIалъул къагIида буго хIарамаб жо гьабизе гьа гьедун бугони гьеб гьа тIубазаби хIарамаб буго, ва гьеб гьа биххинабун капаратги бахъуларо. ХIалалаб жоялда гьа гьедун бугони гьеб гьа тIубазе ккола, яги гьа биххун капарат бахъизе ккола (гьаялъул капарат буго анцIго мискинчиясе квен кьей, анцIго муд тIорщел гьезие бикьи, яги лъабго кIал кквей).




**I9. Дуца Къурайшазда абе, МухIаммад ﷺ: щиб бугеб жиб нугIлъун букIиналъул рахъалъан бищун кIудияб жо?** Къурайшияз жаваб кьечIони дуца абе МухIамад ﷺ**: Аллагь вуго бищунго кIудияв нугI дун авараг вукIиналъе. Гьев вуго нугIлъи гьабулев нужедаги дидаги гьоркьоб бугеб хабаралъе. Дида гьаб Къуръанги вахIю гьабун рещтIинабун буго дица нужее гьелдалъун хIинкъи кьезе ва кинавго гьелъул ахIи жинда щварав чиясеги хIинкъи кьезе, къиямасеб къо тIаде щвезегIан. Нужищ ругел, я мушрикал, нужеца нугIлъи гьабулел Аллагьгун цадахъ цоги алагьзаби руго абун. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: дица нугIлъи гьабуларо нужеца нугIлъи гьабулеб жоялъе. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: хIакълъунго Аллагь (عز وجل) жив цогояв Аллагь вуго абун. Дунги вацIцIадав вуго нужеца Аллагьасде ширк гьабулеб жоялдаса.**

**20. Жидехъе тIехь кьурал ягьудиязда ва насраниязда МухIаммад ﷺ авараг лъала Инжил Тавраталда рехсарал сипатаздалъун жидерго вас жидеда лъалев гIадин лъикI, щибго щаклъи гьечIого. Гьел аварагасул сипаталги гIадамаздаса рахчун, жидецаго иманги лъечIого хьвадарал гIадамал жидер кинабго гIамал гIадада хварал руго ва хадубги жидеца иман лъоларел руго.**

**2I. Жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIинев жинца Аллагьасул (عز وجل) цIар гьоркьоб ккун, гьесде гIунтIизабун гьереси бицунев чиясдаса, яги жинца Аллагьасул хIакъал мугIжизатал ва гIаламатал гьереси гьарулев чиясдаса. ХIакълъунго жидеца зулму гьабулел гIадамазул лъикIлъиялда квершел батуларо.**

**22. Гьеб къавмалъе дуца бице, МухIаммад ﷺ, дица гьел киналго тIаде рахъизарун хIисаб-мизаналъе цере чIезарулеб къо. Цинги жидеца ширк гьабураздаги абулеб: кир ругел нужер алагьзаби, диде ширк гьабун жидее лагълъи гьабурал ва нужеца гьересияб нугIлъи гьабулеб букIарал нужее гьел алагьзабаца ахираталда кумек гьабизе бугин абун?**


**23. Цинги гьел мушриказул кьезе жаваб букIунаро** ва Аллагь тIаса лъугьиналда хьул лъун, гьез абула: **Дур цIаралдалъун гьедулел руго ниж, я нижер БетIергьан Аллагь, нижеца ширк гьабичIо - абун.** ЦIакъ кIудияб гьа гьедула жидеца ва цIакъ кIудияб гьересиги бицуна.

**24. Мун валагье, МухIаммад ﷺ, кин гьал гIадамаз жидерго напсал гьереси гьарулел ругел: гьездаса рикIкIалъана ва гьезда батичIо жидеца дунялалда Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабун рукIарал хьанчалниги, сураталниги, гIадамалниги ва цоги щиб жо бугониги.**

**25. Гьездаса руго цо-цо гIадамал дуца цIалулеб Къуръаналда гIенеккулел. Дица гьел гIадамазул ракIазда тIад тIалъел лъуна, гьеб Къуръан бичIчIунареллъун рукIине, гьезул гIундузда жаниб жоги къазабуна, гьезда Къуръан ргIичIого букIине. Жидеда кигIан кIудиял мугIжизатал рихьаниги гьезда жидеца иман лъоларо,** жидер куфруялъул гучалъ. **Цинги гьел духъе рачIидалго къацандулелги руго ва капурал гIадамаз абулеб буго гьаб дуца цIалулеб Къуръан цересел умматазул гIадамаз ургъарал гьерсал ругин абун.**

**26. Мушрикал руго жидеца Къуръаналде гIенеккиялдаса ва гьелда гIамал гьабиялдаса гIадамал рикIкIадги гьарулел. Амма гьаз жидерго напсал руго гьалаг гьарулел, Аллагьасул (** عز وجل**) гучаб гIазабалъе гьел хIакъ гьарун ва жидеда гьаб иш гьадин букIинги лъалеб гьечIо.**

**27. Дуда гьал мушрикал рихьизе ругебани жал жужахIалда аскIор рачун гьенире жанире реххизе гIагарлъун ругеб гIужалъ,** дуда цIакъ захIматаб ва хIинкъараб хIал бихьилаан. **Жидеца гьеб хIалалъулъ** Аллагьасе (عز وجل) цIакъ мукIурлъун, хIелун, **абизе буго: «Аллагьас ниж чIаго гьарун дунялалде руссинарулеб анищ. Нижеца нижер БетIергьанасде инкар кквезе букIинчIо ва гьесул аятал гьереси гьаризеги рукIинчIо. Ниж Аллагьасде иман лъураздасаги рукIинаан» – абун.**




**28. Гьезул гьадин хьул лъолеб буго дунялалда рахчун рукIарал жидер киналго къабихIал пишаби загьирлъидал. Жал гьанжеги дунялалде риччани, добго ширк гьабизе буго ва гьаб хабарги жидеца рицунел гьерсал руго:**

**29. Дунялалда чIаго ругеб мехалъ жидеца абулеб букIана: «Нижее цоги чIаголъи гьечIо** гьаб дунялалъул чIаголъи гуреб. Ахиратги гьечIо, алжанжужахIги гьечIо **ва ниж хун хадур тIадеги рахъинаризе гьечIо» – абун.**

**30. Жегиги дуда гьел мушрикал рихьизе рукIаралани, МухIаммад ﷺ, гьел БетIергьан Аллагьасда цере чIезарун ругеб мехалъ,** дуда цIакъ гIажаибаб сурат бихьилаан. **Цинги Аллагьасул (** عز وجل**)рахъалъан гьезда абула: «Гьаб жо хIакъаб жо гьечIищха.** Дунялалда нужеца гьаб ахираталда инкар ккун букIана. Гьанжеги кквеха инкар нужер хIужа батани» – абун. **Цинги мушриказ абула: «ХIакъаб буго нижер БетIергьан гьаб амру ва ниж гьелда мукIурал руго» – абун. Аллагьасул (**عز وجل**) рахъалъан гьезда абула: «Гьанже нужеца гIазаб чIамеха, дунялалда Аллагьасдаги ахираталдаги инкар ккун букIиналъе жазалъун» – абун**.

**3I.** Ахираталде иман лъечIого, **Аллагьасда (**عز وجل**) данд чIвазе рукIиналда инкар ккун рукIарал гIадамал ахираталъе цIакъ чIорого хутIана. Гьезда ракIалдаго гьечIого хвел тIад щведалго** гьез **абула: «Огь нижее бугеб къварилъи ва нижер пащманлъи дунялалъул рукъалда гьаб къо бачIиналда божичIого, гьелъие гIамал гьабичIого чIеялда» - абун. Гьедин мугъзада мунагьазул**


**гьиралги раччун, щибжодай нижеда бихьила абун рукIуна гьел капурал гIадамал. ЦIакъ квешаб жо буго гьез мугъалда баччараб** ва гьазул руссунеб бакIги цIакъ квешаб букIуна.

**32. Гьаб дунялги ва гьаниб бугеб чIаголъиги гьечIо жиб хехго тIасан унеб жиндаса мунпагIат гьечIеб, чIобогояб, гIададисеб жо гурони. Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал, гьесдаса хIинкъарал гIадамазе ахираталъул рукъ буго жиб лъикIаб ва даимаб. Гьаб амру гьадин букIин кин бичIчIунареб киналго гIадамазда.**

**33. Дида лъала, МухIаммад, гьел мушриказ бицунеб жоялъ мун пащман гьавулеблъи. Гьел мушриказ жидер ракIаздалъун мун гьереси гьавуларо,** гьезда мун ритIухъав, хIакъав авараг вукIин лъала. **Киниги хIалхъубал залимзабилъун рукIиналъ Аллагьасул (عز وجل) мугIжизатазда инкар кколел руго.**

**34. Дуда цере ритIарал аварагзабиги гьереси гьаруна, МухIаммад ﷺ, жидер къавмаз. Гьел аварагзабаз сабру гьабуна гьереси гьариялда ва гьезие гьабураб къварилъиялда, жидехъе дир квербакъи бачIинегIан. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) къотIиялъе хиси букIунаро** ва жинца аварагзабазе ва муъминзабазе квербакъизе бугоян гьабураб къотIи цересел аварагзабазе тIубана, дуеги тIубазе буго. **Духъе цересел аварагзабазул хабарги бачIана, МухIаммад ﷺ!** Дуда вахIю гьабун бицана, кин гьезие къварилъи гьабураб ва гьезие квер кин бакъарабги. Дуеги Аллагьас квербакъизе буго, мун пащманлъуге ва дуца сабру гьабе.

**35. Дуда цIакъ захIматаб ва кIудияб жолъун бихьун батани маккаялъул мушрикал дур ахIиялдаса руссун чIей ва жидеца иман лъунгутIи,** гьеб иман лъезе гьаби дур иш гьечIо ва дуда гьезие гьабизе кIолеб щибго жоги гьечIо. Гьаб амру гьадин букIиналда мун мукIур гьавулеб рагIи буго: **Дуца ракьулъе каратI гьабе, яги малиги босун зодове ваха ва дуца гьел мушриказ тIалаб гьабулеб мугIжизат бачIинабе, дуда гьеб кIолеб батани.** Дуда гьеб жо гьабизе кIоларо. **Киниги Аллагьас гьел гIадамал тун руго жидерго ихтияралда, жидее бокьараб нух тIаса бищизе. Мун жидеда жо лъаларел гIадамаздаса вукIунге МухIаммад ﷺ,** ва дуда лъай Аллагьасул (**عز وجل**) азалияб лъаялдалъун ва жинда аскIоб бугеб хIикматалдалъун хьвадизабулеб букIин гьаб кинабго махлукъат.




**36. Иман лъеялде ахIараб мехалъ гьеб ахIиялъе жаваб кьола жидеда бицараб жо битIун рагIулел ва бичIчIулел гIадамаз. Дунялалда ругеб мехалъго хварал чагIазда релъарал капурал гIадамал Аллагьас (عز وجل) къиямасеб къоялъ тIаде рахъинарула, цинги киналго бетIергьан Аллагьасде руссуна хIисаб-мизан ва жаза гьабизе.**

**37. Маккаялъул мушриказ абулеб буго: «МухIаммадида ﷺ Аллагьас цо мугIжизат рещтIинабулебани, нижеда гьав ритIухъав авараг вукIин лъазе» - абун. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, Аллагь жиндир хIал кIолев вуго кинаб бокьаниги мугIжизат рещтIинабизе, амма гьел мушриказул гIемерисел жидеда лъаларел руго** цингиги жидеца иман лъечIеб мехалъ, гьел гьалаг гьарулеб гIадат букIин БетIергьан Аллагьасул ( عز وجل).

**38. Ракьалда тIад цониги хIайван гьечIо, яги цониги боржунеб жо гьечIо жиб кваркьиялдалъун боржунеб, нужеда релълъарал жамагIатал ва умматал рукIун гурони. Дица лавхIулмахIпузалда кинабго жо хъван буго ва щибго жо гьоркьоб течIого гьелъие чIаголъи гьабизе къваригIараб жоги бижун буго. Ахираталда киналго тIаде рахъинарун Аллагьасде (عز وجل) руссинаризеги руго.** ХIайваназ цоцаздаса къисас босун гьел цIидасан ракьалде руссинарула. Инсанас хIайваназе гьабураб гIазаб ва кьаби хIайваназ гIадамазеги бецIизе буго.

**39. Дир мугIжизатал ва гIаламатал жидеца гьереси гьарулел, гьездасан гIакълу босуларел гIадамал щибго жо жидеда ргIуларел, гIинкъал руго. ХIакъаб жо абизелъун жидеда мацI бицинего лъаларелги руго, гьелдаги тIаде, жал куфруялъул ва ширкалъул бецIлъукьги руго. Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи къосинавула, жиндие бокьарав чи исламияб диналъул битIараб нухда гьавула.** Ва гьеб нухда хьвадизе гьесие тавпикъги кьола.


**40. Дуца гьал муширказда абе, МухIаммад ﷺ, нужеца пикру гьабе ва дида бице: цересел умматазде бачIараб гIадаб гIазаб нужеде бачIани, яги ракIалдаго гьечIого, тохлъукьего къиямасеб къо чIей тIаде щвани,** гьаб **хIалалъулъ нуж Аллагь (عز وجل) гурев цоги чиясда ахIизе ругищха, нуж битIараб жо бицунел ругони.**

**4I. Цоги щибго жоялда ахIи базе гьечIо нужеца ва цохIо Аллагьасда гьаризе буго нужедаса балагь тIаса босе абун. Аллагьасе (عز وجل) бокьани жинда гьарарав чиясул гьари къабул гьабун гьеб балагь тIаса босула. Гьеб балагь тIаде бачIараб къоялъ нужеда цогидал аллагьзабиги кIочон хутIула.** Нужер рекIел чIейи бугелъул къварилъи-балагь тIаса босизе кIолев цохIо Аллагь ( عز وجل) вукIиналда,

**42. Дица цересел умматаздаги аварагзаби ритIана МухIаммад ﷺ. Цинги дица гьел умматазе гIакъуба-гIазаб гьабуна ракъи-къеч тIаде биччан ва унта-щокълъиялъ черх загIип гьабун, гьел зигардизарун.** Гьаб гIакъуба - къварилъи бачIараб мехалъгIаги гьел Аллагьасе (عز وجل) хIелизе ва аварагасда нахърилъине бокьун.

**43. Гьел умматал жидеде кIудиял къварилъаби рачIараб мехалъгIаги Аллагьасе хIелун рукIаралани, жал гьалаг гьариларoан ва абадияб гIазабалъе хIакълъиларoан. Гьелъул гIаксалда, жидер ракIал жегиги согIал, гванзал лъугьана ва щайтIаналъ гьездаа тIад ханлъи гьабун, жидерго гIамал берцин бихьизабун хьвадизаруна.**

**44. Жидее гьабураб вагIзаги босичIеб мехалъ, аварагзаби (гIв) ва Аллагьасул (عز وجل) тIахьалги махсароде гьарурал мехалъ, дица гьезие киналниги дунялалъул нигIматазул рагьаби рагьана.** Ва жидее бокьанщинаб лазат, рахIат ва шагьват босизе риччана. **Жидер киналго мурадал тIуран, жидее кьураб бечелъиялдасан рохун гьел гIадамал рукIаго, дица гьезда ракIалда гьечIеб балагь тIаде биччан гьел гьалаг гьаруна ва кинабго жоялдаса хьул къотIараллъун лъугьана:**




гьезухъан дунялги борчIана, ахират жидее гьечIеблъиги якъинлъана.

**45. Аллагьасде гIассилъараб, зулмуяб къавмалъул ахир къотIизабуна,** кьолболъанго гьел тIагIизаруна. **Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго, жинца кинабго гIалам хьихьулев ва гьелъул тадбир гьабулев.**

**46. Дуца къурайшиязул муширказда абе, МухIаммад ﷺ, нужеца пикру гьабе: Аллагьас нуж ргIуларелълъун гьаруни ва нужер ракIазда тIад мугьруги чIван щибго жо бичIчIуларелълъунги гьаруни, Аллагь (عز وجل) гурев цоги щивго чи вугищ гьаб кинабго жо нужее тIад буссинабизе кIолев?** Щивго чи гьечIо. **Мун валагьеха, МухIаммад ﷺ, кин дица гьеб капураб къавмалъе хIужа-далил бачун дун жидер БетIергьан вукIин ва жидеца гIибадат гьабизе хIакъав Аллагь (عز وجل) вукIин бицунеб бугеб. Цингиги гьел хIакъаб жоялдаса руссун чIолел руго.**

**47. Цогиги дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: нужеца пикру кин гьабулареб нужеда тIаде тохлъукьего Аллагьасул гIазаб бачIани, яги балагьун нужгун, нужеда бачIунеблъи лъан бачIани, гьеб гIазабалъ Аллагьасда (عز وجل) гIасилъараб, залимаб къавм гурони гьалаг гьаризе ругодай абун.** Гьеб гIасияб къавмги нуж руго ва гьеб гIазабги нужеде щвезе буго.


**48. Дица умматазухъе аварагзаби ритIуларо, гьезие алжаналдалъун рохел бицунеллъун ва жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолеллъунги гурони. Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал, аварагасда ﷺ нахърилъллъун лъикIаб гIамалги гьабурал муъминзабазе щибго хIинкъи гьечIо ахираталде щведал ва гьел пащманлъизе гьечIо дунялалда жидеца гьабураб гIамалалда.**

**49. Жидеца дир Къуръанги ва мугIжизаталги гьереси гьарурал гIадамазда жужахIалъул гIазаб щвезе буго, дида ва дир аварагзабазда инкар ккун, пасикъаб пиша гьабун гьел хьвадун рукIиналъе гIоло.**

**50. Дуца гьеб къавмалда абе, МухIаммад ﷺ: дица нужеда абулеб гьечIо дида аскIор ругин Аллагьасул хазинаби ва гьезул ихтияр. Ва дида балъгояб жо лъалинги абулеб гьечIо. Дун малаик вуго абунги абулеб гьечIо дица. Дун вуго Аллагьас (عز وجل) дида вахIю гьабураб жоялда нахъвилъллъун, гьеб нужехъе щвезабулев Аллагьасул хIакъав авараг. Дуца гьел капурал гIадамазда абе, МухIаммад ﷺ: беццав чиги жинда канлъи бихьулев чиги ващад вукIунищ дунялалда чIаголъи гьабиялъулъ абун. Жидеца бицунеб жоялъул пикруго гьабуларищ гьаб къосараб къавмалъ?** ИбнухатIибица абуна: нужеца пикру гьабе, я муъминзаби! ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жинца кинабго халкъалда тIаса вищун, халкъалъул сайидлъун гьавурав ва кIудияв расуллъунги гьавурав МухIаммадида ﷺ амру гьабулеб буго: «дуца кинабго къавмалда щеве чIун ва гьезда ргIизабун абе «дида балъгояб жо лъалароян»–абун. Гьаб халкъалда гьоркьор ругел цо гIадамазул ( нужум гIелмуялъул агьло) щиб хIалха бугеб, жидеца абулел: «нижеда цебехун араб жо лъала, гьабсагIат бугебги ва нахъа букIинесебги жо лъала»-абун.

**5I. Гьаб Къуръаналдалъун дуца хIинкъи кье, МухIаммад ﷺ, Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса хIинкъулел ва ахираталда тIаде рахъинарун гьесда щцере чIезари жидеда лъалел муъминзабазе. Муъминзабазе цоги вали гьечIо ва жинца шапагIат гьабулев чиги гьечIо цохIо Аллагь (عز وجل) гурев. Дур вагIза босун гьезул Аллагьасдаса хIинкъи цIикIкIунебани!**

**52. Дуца дуда аскIосан нахъе къотIуге жидеца радалги бакъанидаги Аллагь (عز وجل) рехсолел, гьев разилъи тIалаб гьабун гIибадатги гьабулел муъминзаби. Дуе щибго мунагь, яги къварилъи букIине гьечIо гьел муъминзабаца квешаб гIамал гьабунин абун. Ва дуца гьабураб гIамалалъул хIисаб гьездаги букIине гьечIо. Дуца гьел загIипал муъминзаби рикIкIад гьаруни, мун Аллагьасул (عز وجل) амруялда хилиплъулездаса вукIина.**




**53. Гьадин дица цо гIадамазул цогияздалъун хIалбихьи гьабула:** бечедасул пакъирасдалъун, къадру бугесул гIодовегIанасдалъун. **Бечедал, къадру бугел гIадамаз абизе гьал загIипал, мискинал, лагъзаллъун ругел гIадамалищ ругел Аллагьас (** عز وجل**) тIаса рищарал ва жидее цIоб гьабурал, нижги жалго тун абун. Аллагь жинда лъалев вуго щив вугев жинца щукру гьабулев чи.** Гьев чи Аллагьас иманалда тIовитIула.

**54. Духъе дир Къуръаналда ва мугIжизаталда иман лъурал гIадамал рачIараб мехалъ дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ саламун гIалайкум - абун. Нужер БетIергьан Аллагьас (**عز وجل**) жиндир напсалда рахIмат тIад гьабуна,** лагъзадерида гурхIел-рахIму гьабулев вуго Аллагь. **Нужедаса цо квешаб гIамал гьабурав чи жиндие гьелъул хIукмуги лъачIого,** бегьулищ гьеб жо гьабизе, яги бегьуларищ абураб, **цинги гьеб квешаб гIамал гьабун букIин лъараб мехалъ жинца тавбо гьабулев ва лъикIаб гIамал гьабиялда тIадги чIолев,** гьав тавбо гьабурав чиясул Аллагьас тавбо къабул гьабила ва гьесда тIасаги лъугьина. **хIакълъунго Аллагь (**عز وجل**) жинца нужер мунагьал чурулев ва муъминзабазда гурхIулев вуго.**

**55. Гьадин тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндир шаргIиял хIукмаби баян гьарула,** муъминзаби алжаналде унел нухал баян гьарула **ва куфру-ширкалдалъун мунагьал гьарулел гIадамазул мунагьал гьарулел нухал ва къагIидабиги баянлъула,** гьездаса гIадамал рикIкIалъизе.

**56. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: Дида Аллагьас (عز وجل) амру гьабун буго нужеца жидее лагълъи гьабулел аллагьзабазе:** хъанчазе ва суратазе **лагълъи гьабуге абун Жегиги дуца абе, МухIаммад ﷺ, дун нужее бокьараб жоялда нахъвилълъунев гьечIо** ва нужеда релълъун Аллагьасде ширк гьабулев гьечIо.

**Гьедин нужее бокьараб жо дица гьабуни, дун къосарал гIадамаздаса вукIуна, ва Аллагьасе (عز وجل) мутIигIал муъминзабаздаса вукIунаро абун.**

**57. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: дун вуго Аллагьас дида вахIю гьабураб шаригIаталда нахъвилъун, гьеб бичIчIун, битIараб нухда вугев чи. Нужеца гьеб хIакъаб дин гьереси гьабулеб буго. Дида аскIоб гьечIо ва дир ихтияралда гьечIо нужеца тIалаб гьабулеб гIазаб:**


Мушириказ абулеб букIана мун хIакъав авараг ватани, нижеда гIазаб рещтIизабеха абун. Гьеб гIазаб гьаби ва гьабичIого тейи Аллагьасул (عز وجل) хIукму буго.

**Ва цоги щивго чи гьечIо жинца хIукму гьабулев цохIо Аллагь гурони. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) хIакъаб жо бицун жиндир лагъзал тIоритIула ва гьев жидеца хIукму гьабулезул бищунго лъикIав вуго.**

**58. Дуца муширказда абе, МухIаммад ﷺ, нужеца тIалаб гьабулеб гIазаб дир ихтияралда букIарабани нилъеда гьоркьоб хIукму цIакъ хехго тIубазе букIана.** Нужедаса дун хIалхьезе дица гьеб гIазаб нужее гьабизе букIана.

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго куфру-ширкалъул агьлу жинда лъалев ва гьезие гIазаб кида гьабилебги лъалев.** Нужее Аллагьасул гIазаб букIине буго, амма нужеца тIалаб гьабураб мехалъ букIине гьечIо, Аллагьас жиндие бокьараб мехалъ гьабила нужее гIазаб.

**59. Аллагьасда кодоб буго кинабго гьаибаб жо лъаялъул ихтияр ва ханлъи.** Гъаибаб жо абула нилъеда жиб бихьуларе6 ва лъаларе6 цебехун букIараб, яги хадуб букIинесеб жоялда. Гьеб гъаибаб жо цохIо Аллагьасда (**عز وجل**) гурони лъаларо ва гьес лъазабураб жо цо-цо аварагзабазда ва лъикIал муъминзабаздаги лъала. **Гьев Аллагьасда лъала ракъдада бугеб ва ралъдада бугеб жо. ГъветIалдаса цохIо тIамахги бортуларо Аллагьасда жиб лъан гурони. Ракьулъ жаниб бугеб цохIо мугьги гьечIо, жиб бакъвараб гамачI гIадаб жоги гьечIо, жиб гIатIгояб гъветI-хер гIадаб жоги гьечIо Аллагьас жиб лавхIулмахIпузалда хъвараб, гьесда лъалеб букIун гурони.**




**60. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго жиндие лагъалъи гьабизе тIадав, жинца нуж сардилъ хвезе гьарулев.** Нуж кьижун рукIун, щибго жо лъаларого хварал гIадамазда релъулъун рукIун.

**Нужеца къад ракьалда тIад хьвадун гьабураб кинабго гIамалги жинда лъалев. Къад нуж тIаде рахъизарун чIаго гьарулев, Аллагьас (عز وجل) къадар гьабураб гIажал тIубазабизе. Цинги нуж Аллагьас жинде руссинарула. Цинги нужеда бицула дунялалада нужеца гьарурал гIамалал ва нужее гьезул жазаги гьабула.**

**6I. Жиндир лагъзадерида тIад кверщел бугев вуго Аллагь. Нужер гIамалал хъвазе малаикзабиги ритIула Аллагьас (عز وجل). Цинги нужер цоясул гIажал лъугьараб мехалъ дир малаикзабаз гьев чи рухI босун хвезавула ва гьез щибго нахъбахъи гьабуларо дир амру тIубазе.**

**62. Цинги ахираталде руссине гьарула жидер хIакъав БетIергьан Аллагьасде (عز وجل). Гьесул буго ахираталда кинабго хIукму ва ханлъи, ва гьев лагъзадерил хIисаб цIакъ хех гьабулев вуго.**

**63. Дуца маккаялъул капурал гIадамазда абе, МухIаммад ﷺ, ракъдада бугеб ва ралъдалъ бугеб бецIлъиялдаса нуж хвасар гьарулев чи щив вугев? Гьеб къварилъиялде ккараб мехалъ нужеца ахIи бала тIадегIанав Аллагьасде (عز وجل), гьесие хIелун ва гьесдаса хIинкъун, ва нужеца абула: «Дуца ниж гьаб къварилъиялдаса хвасар гьаруни, ниж цIакъ дуе щукру гьабулеллъун рукIина** ва нижеца иман лъун гIибадат бацIцIад гьабила» - абун.

**64. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, Аллагь вуго нуж гьеб къварилъиялдаса хвасар гьарулев ва гьеб гуреб цогидаб ургъел-пащманлъи нужедаса инабулев. Цингиги нужеца Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабула ва гьесде балеб букIараб ахIиги нужеда кIочона.** ЦIакъ квешаб гIамал буго нужер.

**65. Жегиги дуца гьел капурал гIадамазда абе, МухIаммад ﷺ, Аллагь (عز وجل) жиндир хIал кIолев вугин нужеде зодисан балагь рещтIинабизе. Яги нужеда гъоркьан тIаде бачIина гьеб балагь,** ракь багъарун**,** бихъ-бихъун ун, нуж жанире ккезе гьарун**. Яги Аллагьас нуж гьарила батIи-батIиял къокъабилъун, цоял цоялгун рагъулел ва цояз цоял чIвалел. Мун валагьун, дуца пикру гьабе, МухIаммад ﷺ, кин дица лагъзадерида гIаламатал рихьизарулел, жидеца гьелъул вагIза босизе бокьун ва гьезда хIакъаб жо лъазеги бокьун.**


**66. Гьаб Къуръан дур къавмалъ гьереси гьабуна МухIаммад ﷺ, хIакъаб Аллагьасул (** عز وجل**)калам гьеб букIингун цадахъ. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: Дун нужехъе витIун гьечIо нужер гIамал дица хисизабизе, яги дие бокьухъин гьеб гIамал гьабизе нуж тIамизелъун.**

**67. БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) щибаб амруялъул жиб тIубалеб гIуж букIуна ва гьеб амру тIубазе щибго жоялъ квалквал гьабуларо. Аллагьасул амру тIаде щун нужее гIазаб гьабулеб мехалъ, нужеда лъазе буго кинаб гуч ва къудрат Аллагьасул (عز وجل) бугеб.**

**68. Дуда цо гIадамал рихьараб мехалъ, МухIаммад ﷺ, жидеца дир Къуръаналда ва мугIжизатазда тункараб, гьеб гIодобегIан гьабулеб хабар бицунел, мун гьездаса вусса ва мун гьезда аскIов чIоге, жидеца гьеб квешаб гIамал тун цоги лъикIаб жоялъул бицине гьел лъугьинегIан. ЩайтIаналъ дуда гьаб амру кIочезабун, гьел гIадамалгун мун гIодов чIун ккани, гьаб амру ракIалде щварабго мун гьездаса ватIалъе ва мун Аллагьасул Къуръан ва дин гIодобегIан гьабулеб залимаб къавмгун цо мажлисалда вукIунге.**

Гьал церехун рехсарал аятал рещтIинариялъе сабаб буго къурайшиязул мушрикал Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ва гьесда нахърилъарал муъминзабазе кинабаго рахъалъан къварилъи гьабулел рукIана жидер къуват, гучалда ракIчIун, муъминзаби берзукълъун рихьун. Гьел муъминзабазда ргIулеб бакIалда Къуръаналда ва Аллагьасул диналда тункизабун, гьеб махсароде гьабун хабар бицун релъанхъулел рукIана.

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб муъминзабазул шавкат (къуват, гуч) гьечIеб заманаялъ хирияв аварагасда (عز وجل) ва гьесул асхIабзабазда (ра) амру гьабулеб букIана нуж гьаб квешаб къавмалдаса рикIкIад чIа абун ва Аллагьас нужее квербакъиялъе гьабун бугеб заман тIаде щвезегIан, гьал мушриказулгун питна гьабугеян абунги.




**69. Аллагьасда иманлъун, аварагасда нахърилълъун жал хьвадулел муъминзабазе щибго къварилъи букIине гьечIо гьел мушриказул квешаб гIамалалъул хIисаб гьабулеб мехалъ. Киниги муъминзабазда тIадаб буго жидер хIал кIвараб ва рес рекъараб хIалалъ гьеб квешаб къавмалъе вагIза-насихIат гьабизе ва Аллагьасда иман лъеялде гьел ахIизе.** Тущманасул зулму тIаде цIалеб, гьев тущман нилъедаса бергьун воххулеб гIамал гьабичIого сабру гьабун чIезе ккола. Бусурбабазул рагIи цолъизабун, гьезул къуват данде бакIарун, цIидаса Аллагьасул диналъе гIоло, гьев разилъи тIалаб гьабун, Аллагьасул нухалда гъазават гьабизе къватIире рахъине хIадурлъиги гьабизе ккола.

Гьаб дунял бугебгIан мехалъ бусурбабиги капурзабиги цоцалъ къеркьолел рукIине руго ва Аллагьасул хIукму-къадаралда рекъон цин цоял бергьун, цин цоял бергьун рукIине руго. Нилъер ракIчIчIезе тIадаб амру буго ахир-къадги исламияб дин бергьизе букIин ва ракьалда тIад гьеб дин гIамлъизе букIинги.


**70. Дуца те, МиухIаммад ﷺ, жидеца дин махсароде гьабулел, рекIелгъеялъе, махсаро-хвечIалъул бакIалда гьеб буссинабулел ва гьаб дунялалъул чIаголъиялъ гуккун ругел гIадамал. Дуца Къуръаналдалъун гIадамазе вагIза гьабе, жидер гIамалаздалъун гIазабалъе хIакълъун ккечIого рукIине. Цониги напсалъе жинца кумек гьабулев ва квербакъулев чи вукIине гьечIо, гьеб гIазабалъе хIакълъараб мехалъ, цохIо Аллагь (عز وجل) гурев. КигIан гIемераб боцIи-мал рищваталъе, яги гIазаб тIаса босиялъе гIакIа хIисабалда кьезе къасд гьабуниги, гьебги къабул гьабуларо къиямасеб къоялъ. Ахираталда гIазаб гьабиялъе хIакълъарал гIадамал дунялалда жидеца гьабураб гIамал сабаблъун гьеб гIазаб жидее щварал рукIуна. Жидее жужахIалда жаниб цIакъ бухIараб, махIцараб, чехьалда жанибги гьалдолеб букIунеб лъим кьола. Ва цIакъ гучаб гIазабги гьабула жидеца Аллагьасда ва ахираталда инкар кквей сабаблъун.**

**7I. Дуца гьеб къавмалда абе, МухIаммад ﷺ: нижеца гIибадат кин гьебилеб, гIибадат гьабунин абун нижее щибго хайир гьабизе кIоларел, яги гьеб гьабичIин абун щибго заралги гьабизе кIоларел** хъанчазе ва гьезда релълъарал жалазеги? **Гьедин гIибадат гьабуни ниж рукIуна Аллагьас хIакъаб динул исламалде тIоритIун хадур къосиналде тIадруссарал гIадамаллъун. Ниж рукIуна щайтIабаца къосинавун, гIодовегIан гьавун цо гIалахалда рехун тарав чиясда релъун, гьенисан къватIиве вачIине нухги лъаларого хутIарав, жидеца гьев битIараб нухде ахIулел гьалмагъзабиги ругев: нахъе вачIа, гьале мун хвасарлъулеб бакI-абун. Жинца гьезул ахIиялъе жавабги кьоларев. Жегиги дуца абе, МухIаммад ﷺ, хIакъаб жоялде тIоритIел цохIо Аллагьасдаса (عز وجل) буго. Гьеб хIакъаб жоги ниж жинда ругеб динул ислам буго, цогидаб кинабго жо къосин буго. Нижеда амруги гьабун буго кинабго гIалам жинца хьихьулев БетIергьанасе мутIигIлъизе**

**72. Жегиги нижеда амру гьабун буго паризаял какал рукуI- сужда тIубазабун,** цогидалги хIакъал цIунун **рай абун ва Аллагьасдаса хIинкъун гIибадат гьабе абунги. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго ахираталда кинабго халкъ жинда аскIоб бакIарулев** ва гьезие жаза гьабулев.

**73. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго** нижеца жиндие гIибадат гьабулев: **жинца зобал-ракьал ва гьениб жаниб бугеб кинабго махлукъат хIакъаб жоялдалъун бижарав.** ГIададисеб жо гьабун

бижичIо гьеб кинабго, жинда аскIоб бугеб хIикматалда рекъон бижана. **Нуж гьев Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса хIинкъа, гьесие гIазаб гьабизе бокьараб мехалъ щибго заман ва бакI къваригIунаро. ЦохIо «Кун» абураб ргIи абилебгIан мехалда жиндие бокьараб жо тIубала. Аллагьасул ргIи ва хIукму жиб букIин хIакъаб жо буго. Ахираталда кинабго жоялъул ханлъиги цохIо Аллагьасе (عز وجل) буго. Исраил малаикас суралъуб пулеб къо буго гьеб, гIадамал чIаго гьарун тIаде рахъинаризе. Жинда загьирабги, батIинабги, аскIоб бугебги, рикIкIад бугебги кинабго жо лъалев вуго Аллагь (عز وجل). Жинца гьабулеб хIукмуялъулъ цIакъ гIадлу битIарав, лагъзадерил маслихIатал жинда лъалевги вуго гьев Аллагь (عز وجل).**




**74. Дур къавмалъе насихIат гьабун бице, МухIаммад ﷺ, Ибрагьим (гIв) аварагас жиндир эмен Азарида абураб гIуж: «дуца хъанчалищ кколел жидее лагъалъи гьабизе алагьзабилъун, мун вижарав, дуе ризкъи кьолев бетIергьан Аллагьги тун. Дида лъалеб буго мунги дур къавмги тIубараб ва баянаб къосиналъулъ букIин»-абун.**

**75. Гьединго Дица Ибрагьимида бихьизабуна ва лъазабуна зобалазда ва ракьазда жаниб бугеб жо, гьев жиндир иман лъеялъулъ якъиналда вукIине, гIелму ва гIакълу бугев вукIине, жинца къавм иман лъеялде ахIизе ва гьезие хIужа-далил бицине.**

**76. Цинги сордо тIаде бачIун зодихъан цIва баккидал ва гьеб жинда бихьидал Ибрагьимица къавмалда ргIизе абуна: «Гьаб цIва буго дир бетIергьан»–** абун. **Цинги гьаб цIва тIерхьун араб мехалда Ибрагьимица абуна: «Гьадинал раккулел, тIерхьунел жал дие рокьиларо ва гьел аллагьаллъун рукIине рекъеларо.** Аллагь (عز وجل) вукIине ккола жиндир хIал хисуларев, кинабго жоялдаса жив тIокIав ва тIадегIанав.

**77. Хадуб гвангъун, гургинлъун моцI баккун бачIараб мехалъ Ибрагьимица (гIв) абуна: «Гьаб буго дир бетIергьан»** – абун. Доб цIва бихьараб мехалъго гIадин моцI бихьараб мехалъги гьеб моцI Аллагьлъун букIине бегьулареблъи къавмалда бичIчIинабизе ва гьезул пикру цIодор гьабизе бокьун абуна Ибрагьимица гьаб ргIиги.

**Хадуб моцIги тIерхьун индал, жив хIайранлъун хутIарав чияс гIадин, Ибрагьимица абуна: «Валлагьи, дир бетIергьан Аллагьас (عز وجل)дун хIакъаб диналда ва гIакълу-лъаялда тIовитIун вукIинчIевани, дунги къосараб, жидеда хIакъаб нух лъалареб къавмалдаса вукIинаан»** – абун. Нуж битIараб нухалда гьечIо абун къавмалда ишара гьабун абураб ргIи буго гьаб.

**78. Цинги гвангъун бакъ баккараб мехалъ, Ибрагьимица (гIв) абуна: «Гьаб бакъ буго дир бетIергьан. Гьаб цIваялдасаги моцIалдасаги кIудияб буго ва гьалъул канлъиги хинлъиги буго» – абун. Сордо тIаде бачIун бакъги тIерхьун индал къавмалдехун хитIаб гьабун Ибрагьим аварагас абуна: «Я дир къавм, дун вацIадав вуго нужеца жидее лагъалъи гьабун, Аллагьасде ширк гьабулеб кинабго жоялдаса» - абун.**

**79. Ибрагьимица абуна: «ГIибадат гьабиялдалъун дие бокьараб ва дица тIалаб гьабулеб жо буго гьаб кинабго махлукъ ва зобал-ракьал щибго жо гьечIого букIун хадуб жинца бижарав БетIергьан Аллагь разилъи. Дун киналго батIулал диназдаса вуссун, Аллагь жинда разияб, исламияб диналда вуго ва дун ширк гьабулел гIадамаздасаги гьечIо»** – абун.

**80. Ибрагьим авараггун гьесул къавм къацандана. Ибрагьимица абуна: «Нуж дидехун къацандулелищ ругел Аллагь цо вукIиналъе мукIурлъичIого. Дун гьав Аллагьас хIакъаб нухда тIовитIун вуго. Дун хIинкъуларо нужеца Аллагьасдехун ширк гьабулел, нужеца аллагьзаби руго абулел жалаздаса. Дида щибго къварилъи-зарал щоларо дир бетIергьан Аллагьасе (عز وجل) гьеб щвезе бокьун гурони. Дир БетIергьан жиндир гIелму-лъай кинабго жоялда гIатIилъарав, гьелда**

**сверун лъугьарав вуго. Нужеца гьаб бицунеб жоялъул пикру гьабуларищ ва нужее гьалъул вагIзаги лъугьунарищ?**


**8I. Дун кин хIинкъилев нужеца Аллагьасдехун ширк гьабулел батIулал аллагьзабаздаса? Нуж хIинкъулел гьечIо гуримщ гьав хIакъав Аллагьасде ширк гьабизе, нужее щибго хIужагIиллаги гьечIого ва Аллагьасул рахъалъан нужеде бачIараб амруги гьечIого. Нилъер киналха ругел хIинкъичIого рукIине мустахIикъал? Нужеца дида бице гьаб иш, нуж дагьабниги жо лъалел ратани.** Аллагь (عز وجل) цо гьавун, гьесул аварагзаби ритIухъ гьарун, гьев разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабулел ниж руго божараллъун рукIине рекъарал. Хъанчазе лагълъиги гьабун кинабго гIаламалъул БетIергьанасде инкар ккурал нужее щибго жо гьечIо жинда божизе ва жинца кумек гьабизе.

==========

Цоги хIадис бицана ИбнугIабасидаса, жив кIиясдаго Аллагь разилъаял. Гьес абуна:

***«ХIасбуналлагьу ва нигIмалвакилу» абураб рагIи жинда Аллагьасул свалат-салам лъеяв Ибрагьим аварагас абуна жив цIадаве реххараб мехалъ, ва гьебго рагIи абуна МухIаммадица ﷺ ва гьесул асхIабзабазги (ра) нуж чIвазе гIемерал къукъаби данделъун ругин абун жидеда абураб мехалъ.***

Гьаб хIадисалъги Аллагьасде (عز وجل) таваккал тIамиялъул хиралъи бицунеб буго. Аллагьасде гьариялъулъ ва таваккал тIамиялъулъ аварагзабада (гIв) нахърилъин букIинги бицунеб буго.




**82. Жидеца иманги лъурал, цинги гьеб иманалда гьоркьоб щибго ширк кколеб жоги жубазабичIел гIадамал руго дунялалда ва ахираталда жидее хIинкъи гьечIел. БитIараб нухда тIоритIаралги гьал гIадамал руго.**

**83. Гьал церехун ругел аятазда жаниб бицараб жо буго Дир хIужа ва далил, Дун цо букIин лъазе бокьарав чиясе. Дица гьал хIужаби кьуна Ибрагьим (гIв) аварагасухъе жиндир къавмалда тIад гьесул аваргълъи билъанхъизе ва жиндие гьел мутIигIлъизе. Дица дие бокьарав чиясул даража-макъам эхеде борхизе гьабула. ХIакълъунго, МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) жинца гьабулеб ишалъулъ хIакимияв вуго ва жинда кинабго жоялъул авалги ахирги лъалев вуго.**

**84. Дица Ибрагьим аварагасе ИсхIакъ абун вас кьуна, хадув гьесул вас ЯгIкъубги кьуна,** жиндир наслу нахъе хутIине ва аварагзабилъун рахъун умматалъе тIоритIел букIине. **Гьев кIиявго дица битIараб диналда ва бахьи буголъиялда тIоритIана. Гьаздасаги цеве дица НухI аварагги тIовитIун вукIана исламияб диналда. Гьав НухIил зурияталдаса жив вугев Ибрагьимил зурияталдаса Давуд аварагги, Сулейман аварагги вуго.** Сулейман Давудил вас вуго. Гьав кIиявго жидее ханлъиги аваргълъиги кьураздасан рукIана. **Аюб авараг, Юсуп аварагги вуго.** Гьав кIиявго Аллагьас цадахъ рехсана жидер хIалбихьи гьабурал рукIун унти тIаде биччан ва туснахъалъув тIамун**. Муса ва Гьарунги руго. Дица гьадинаб лъикIаб, берцинаб жазаъ гьабула жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал дир лагъзадерие.**

**85. Закарья, ЯхIя, ГIиса, Ильяс аварагзабиги руго.** Гьал ункъалго Аллагьас цадахъ рехсана жал дунял теялда тIад чIарал зугьду ва варагI гIемерал рукIун. **Гьав ункъавго авараг цIакъ камилаб хIалалъ лъикIаб гIамал гьабулездасан рукIана.**

**86. ИсмагIил, АлясагI, Юнус ва ЛутI аварагзабиги руго.** ИсмагIил авараг гIарабиязул эмен вуго, Ибрагьим аварагасул васги вуго, жинца эменгун цадахъ КагIба рукъ барав. ЛутI авараг Ибрагьимил


вацасул вас вуго. **Гьал киналго аварагзаби дица хира гьаруна ва тIокI гьаруна цогидаб кинабго гIаламалдаса.**

**87. Гьал хириял аварагзабазул умумуздаса, гьазул хъизаналдаса, вацал-яцаздаса Дица гIемерал гIадамал исламияб диналде тIоритIана. Дица гьел гIадамал лъикIлъи гьабулел рукIун тIаса рищана ва битIараб диналъул нухалдаги тIоритIана.**

**88. Гьаб буго Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб хIакъаб тIоритIел. Аллагьас жиндие бокьарав чи тIовитIула гьаб нухда. Хириял аварагзабаца ва Дица тIаса рищарал лъикIал муъминзабацаги дидехун ширк гьабун букIарабани, гьазул гьабураб кинабго гIамал гIадада холаан.**

**89. Гьал цере рехсарал аварагзаби руго дица жидее авараглъи кьурал, гьезухъе тIехьги ва гIелму-лъайги кьурал, жидеца къавмал диналде ахIизе. Дица гьал аварагзабазе кьураб жоялда Маккаялъул мушриказ ва цогидал дур заманалъул къавмаз инкар ккуниги, гьел аварагзабаздаса ва гьезухъе кьурал тIахьаздаса мунпагIат босизе дица цоги къавм вакил гьабун буго, гьаб диналде инкар кколареб.** Гьеб къавмги мугьажиралги ансаралги руго ва къиямасеб къо чIезегIан битIараб нухда хьвадулел муъминзабиги руго.

**90. Гьал аварагзаби руго Аллагьас (عز وجل) тIоритIарал ва жидеца гьесул нухда умматалги тIоритIулел. Гьазул нухда хьваде ва гьазда нахърилъла Аллагь (عز وجل) разилъи бокьарал муъминзаби! Дуца абе, МухIаммад ﷺ, гьаб Къуръан буго кинабго гIалам битIараб нухда тIобитIизе Аллагьас рещтIинабураб тIехь ва дица гьаб Къуръан нужехъе щвезабиялде данде щибго ужра-мухьги гьарулеб гьечIо - абун.**




**9I. Капураб къавмалъе тIадегIанав Аллагьасул къадру гьабичIо ва жидеда гьесул кIодолъи-гьунарги лъачIо, гьез абидалго Аллагьас (عز وجل) цониги чиясде щибго жо рещтIинабичIин абун.**

Гьаб рагIи абуна Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда ва гьесде рещтIине гьабураб Къуръаналда инкар ккурал ягьудияз.

**Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, щивха вугев Муса (гIв) аварагасде Таврат рещтIинабурав, жинца бануисраилал тIоритIулеб нурлъун жиб букIараб. Гьеб Таврат нужеца батIи-батIиял кагътазда хъван бикь-бикьун буго ва гьелдаса нужее бокьараб жо гIадамазда бицунеб буго, нужее бицине бокьичIеб жо бахчулебги буго. Ва нужеца жиб бахчулеб жоги гIемер буго загьир гьабулелдаса. Нужеда гьеб Къуръаналдаса гIемераб жо лъана нужер диналъул амруялъулъ, нужеда лъалеб букIинчIеб ва нужер умумуздаги лъалеб букIинчIеб.** Ягьудияз жаваб кьечIеб мехалъ **Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ; «гьаб Къуръанги жинца Муса аварагасда Таврат рещтIинабурав Аллагьас рещтIизабуна» - абун. Цинги дуца гьел ягьудиял жидерго батIулаб жоялда те.** Аллагьас ( عز وجل) гьабила гьезие жаза. Гьаб аяталъул тапсир гьабулел гIалимзаби чанго батIияб рагIи бицун хилиплъун руго. Дица цо гьоркьосеб магIна хъван тана.

**92. Гьаб Къуръанги Дица МухIаммад ﷺ аварагасда рещтIинабураб жиндир баракат гIемераб тIехь буго. Жинда церехун ругел тIахьал жинца ритIухъ гьарулебги буго. Дуца гьеб Къуръаналдалъун Маккаялъул агьлуялъе ва гьелда сверухъ ругел цогидал къавмазеги,** хадуб кинабго гIаламалъеги, гIадамал рукIа, женал рукIа **дуца хIинкъи кьезе рещтIинабураб буго, МухIаммад ﷺ. Къиямасеб къоялда иман лъолел гIадамал жидеца гьаб Къуръаналдаги иман лъолел руго. Ва гьел муъминзаби жидеца паризаял какал гIужда раялда ва камилго раялда тIад чIаралги руго.**

**93. Аллагьасде (عز وجل) гIунтIизабун гьереси бицунев чиясдаса зулму цIикIкIарав чи щивха вукIинев?** Гьесие шарик вуго абун, гьесда ващадав цоги Аллагь вуго абун. Яги Аллагьас жив авараглъун витIана, **жинде вахIюги гьабунин абулев чиясдасаги, жинде щибго жо вахIюги гьабичIого букIун. Яги дицаги рещтIинабила Аллагьас (عز وجل) рещтIинабураб Къуръаналда релълъараб жоян абулев чиясдасанги.** ГьечIо гьездасан зулму кIудияв чи.


**Дуда гьал гIадамал рихьизе рукIаралани, МухIаммад ﷺ, жидеде тIаде хвалил мехтел бачIун чIвачIвадулел,** дуда цIакъ захIматаб амру бихьилаан.

**ГIазабалъул малаикзабиги ругеб хIалалъ гьезул гьурмазда ва мугъазда кьабулел ва абулел: «Хехго къватIире рахъинаре нужер рухIал. Жакъа нужее цIакъ хIакъир гьарулеб гIазаб гьабизе буго нужеца Аллагьасул (عز وجل) хIакъалъулъ гьереси бицунеб букIиналда данде ва Къуръаналда иман лъезеги чIухIун рукIиналда данде.** Аллагьасул мугIжизатазул пикру гьабичIого гIамал кIодолъи гьабиялде дандеги**»-абун.**

**94.** Ахираталда халкъ тIаде бахъизабун Аллагьасда цебе чIезабидал, гьеб халкъалда абула: **Нуж дихъе рачIана гурищ щивав чи живго жинда, дица тIоцере дунялалда нуж рижараб хIалалъ:** нужер хъизаналдаса, боцIиялдаса ратIалъун, тIад ретIел-хьит гьечIого.

**Дица дунялалда кьун букIараб бечелъиги мугъазде нахъе рехун тана гурищ нужеца?** Жакъа гьаб захIматаб къоялъ щибго жоялъ нужее мунпагIат гьабулеб гьечIо гурищ?

**Нужгун цадахъ дида рихьулел гьечIо дунялалда нужеца дидехун ширк гьабун алагьзабилъун ккун рукIарал нужер шапагIатчагIиги. Нужеда гьоркьоб букIараб кинабго бухьенги къотI-къотIун ана. Нужедаса рикIкIалъана нужер шапагIатчагIи ва аллагьзаби абун рукIарал киналго батIулал, гьересиял гьудулзаби.**




**95. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) ракьулъе рехараб мугь хъвалхьинабун, гьелдасан хур бижинабулев вуго, гьединго пихъил гага хъвалхьинабун гъветI бижинабулевги вуго. Бакъвараб гагаялдаса гIатIгояб, чIагояб гъветI-хер бижинабулевги вуго Аллагь (عز وجل) ва гьеб чIагояб гъветI-хералдаса бакъвараб мугь ва гага бахъинабулевги вуго.** Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «Жинца капурчиясдаса муъминчи гьавулев вуго Аллагь ва муъминчиясдаса капурчи гьавулевги вуго»-абун. **Гьав вуго нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)**, жинца кинабго жо бижунев, гьелъул тадбир гьабулев ва гьелъие ризкъи кьолев**. Гьав Аллагьги тун нуж цоги щиб жоялдеха руссунел ругел?**

**96. БецIаб сордо хъвалхьун рогьалил канлъи баккизе гьабулев вуго Аллагь(عز وجل). Инсан жиндилъ хIалхьолевлъун сордоги гьабурав. Бакъ-моцIги гьабурав жидедалъун къоял, моцIал, сонал рикIкIунеллъун ва жидер хьвади цIакъ мухIканал. Гьаб кинабго жо буго жив гучав, жинда лагъзадерил маслихIатал лъалев Аллагьасул хIукму-къадаралдалъун гIуцIун бугеб зобал-ракьазул хьвади.**

**97. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан, жинца нужее цIваби гьарулев, гьезул кумекалдалъун нужее ракъдада ва ралъдада бецIаб сардилъ нух лъалеблъун. Гьедин дица гIаламатал баян гьарула жо лъалел ва бичIчIунел гIадамазе**, гьелдалъун жидеда дир къудрат лъазе.

**98. ЦохIо напсалдаса нуж рижин байбихьарав Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан.** Аллагьасул салам лъеяв адам аварагасдаса байбихьана ракьалда бугеб кинабго халкъ бижи. **Цинги хадур нуж бихьиназул гьодидаса ва руччабазул лъимадул рукъалдаса мани данделъун рижуна**. Цоги магIна гьабуна. Цинги хадур нуж ракьалда тIад гIумру гьабун рукIуна ва ракьул чохьонир хунги рукIуна абун. **Гьедин дица дир хIикматал баян гьарула жидеда жо бичIчIулел гIадамазе.**

**99. Жинца зодисан лъим рещтIинабурав вуго БетIергьан Аллагь Ψ, гьеб лъималдалъун дица кинабго херги бижизе гьабуна,** ах-хурги, батIи-батIиял тIагIамал ва пихъалги рижизаруна.

**ГIурччинаб, гIатIгояб хералда тIад тIор бижинабуна, жинда жаниб тIатIала рекIун гIемерал мугьал рукIунеб. Чамастакил гьветIалъул тIегь бортун хадуб чамастак бижизабуна, жиб гIемераб ва нужее бетIизе, бакIаризе бигьаяб хIалалъ.**


**Гьединго гьеб лъималдалъун цIибилалъул, зайтуналъул, соноялъул (граната) ахалги рижизаруна Цоцада релълъарал пихъал рижана ва цо-цадаса батIиял пихъалги рижана тIагIам, кьер, махI батIиял.** Гьаб кинабго жо гьадин бижиналъ тIоритIел гьабулеб буго гьаб бижинабурав Халикъ гIакъилав, хIалкIолев, жиндир ихтияр камилав вукIиналда.

**Нуж балагье гьел пихъазда ва гьезул пикру гьабун Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабе.** Гьеб пихъ бижизе байбихьаралдаса баршун кваналеб лъугьинегIан чан батIияб хIалалъ хисулеб хал гьабе**.**

**Гьаб жо бижиналда жанир цIакъ кIудиял гIаламатал ва хIужа-далил буго Аллагь Ψ цо вукIиналде тIоритIел гьабулел, гьесде иман лъураб къавмалъе.**

**I00. Гьеб капураб къавмалъ Аллагьасе (عز وجل) гIахьалчагIилъун жундул гьаруна, гьелги Аллагьас рижарал рукIаго. Гьединго жидеца Аллагьасе васал ва ясал руго абуна, щибго жидеда лъалеб жоги гьечIого. Аллагь (عز وجل) цIакъ вацIцIадав ва тIадегIанав вуго мушриказ жиндие гьарулел мукъсанал сипатаздаса.**

**I0I. Щибго мисал сурат гьечIого ва жинда релълъараб жо гьечIого букIун хадуб жинца зобал ракьал ратизарурав вуго Аллагь (عز وجل). БетIергьан Аллагьасе лъимер кин букIунеб, жиндир чIужуги йикIунарев, хъизан-лъималаздеги хIажатав гьечIев. Кинабго махлукъатги Аллагьас (عز وجل) бижараб буго ва Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев вуго.**




**I02. Гьадин жив цогояв, жив гурев цоги гьечIев, жинца кинабго жо бижулев, гьелъул тадбир гьабулев ва гьелъие ризкъи кьолев, ахир къоялъулги жинца тадбир гьабулев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан. Гьав Аллагьасе гьабе нужеца лагълъи. Гьев Аллагь вуго кинабго жо жинца гьабулев, гьеб цIунулев ва хьвадизабулев.**

**I03. ГIадамазул бералда жив вихьуларев, гьезул пикру хадуб гъоларев, амма жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев вуго Аллагь (عز وجل). Жиндир лагъзадерида гурхIулев, гьезие маслихIатаб жо жинда лъалев вуго гьав БетIергьан Аллагь.** Ибнуасирица абуна: дунялалда Аллагь гIадамазул бералда вихьуларев вукIиналъ ахираталда гьев муъминзабазда вихьи нахъчIваларо. Жиндие бокьараб хIалалда загьирлъила Аллагь (عز وجل) муъминзабазе-абун.

**I04. Нужехъе БетIергьан Аллагьасул рахъалъан хIакъал хIужаби жанир ругеб Къуръан бачIана. Гьелдалъун хIакъаб жо бихьарав чиясе жиндирго напсалъе бугеб лъикIлъи ва тIовитIи буго. Гьеб бихьичIого бецавлъун хьвадарав чиясе гьелъул заралги къварилъиги жиндиего буго. Дун гьечIо нужер гIамалал цIунулев чи ва нужеда тIад тарав хъаравул.**

**I05. Гьадин баян гьарула дица дир лагъзадерие шаргIиял нухал ва гIелмиял хIужаби. Мушрикаца дудаги абила авараг ﷺ, гьеб дуца бицунеб жо цересел умматазул тIахьаздасан цIалун ва лъазабун бицунеб жо бугин абун. хIакъаб жоялде гIенеккулел, гьелда нахърилълъунел гIадамазе дица гьаб хIукму баян гьабула.**

ай жидеца иман лъурал муъминзабазда гьаб кинабго жо битIун бичIчIуна ва гьеб къабул гьабун гьез Аллагьасе (عز وجل) лагълъи гьабула, гьесде ахIиги хьул лъейги жегиги цIикIкIула. Амма мушриказ

щибаб хIужа-далил бачIанщинахъе гьелда данде бицине, гьелда инкар кквезе нухал ралагьула ва гьезул къосин жегиги кIодолъула, гьелдалъун ахираталда букIунеб гIазабги гIемерлъула.

**I06. Мун нахъвилъла, МухIаммад ﷺ, дур бетIергьан Аллагьас дуда вахIю гьабураб жоялда. Гьев Аллагь (عز وجل) гурев жиндие лагълъи гьабизе бегьулев щивго гьечIо. Дуца мушрикал жалго те ва гьез бицунеб жоялъул кIвар гьабуге.**


**I07. ТIадегIанав Аллагьасе бокьун букIарабани жидеца ширк гьабилароан. Дица мун гьезда тIад тарав хъаравуллъун гьавичIо ва мун гьезул умурал тIуралев вакилги гьечIо.**

**I08. Нужеца мушриказ жидее гIибадат гьабулел хъанчазда ва цогидал гьересиял алагьзабазда рогьоб баге, я гьал муъминзаби! Нужеца гьезда рогьоб бараб мехалъ мушриказ Аллагьасдеги рогьоб балеб буго, тущманлъи гьабун, щибго гIилла гьечIого ва жидеда лъалеб жоги гьечIого. Гьадин дица щибаб умматалъе жидеца гьабулеб гIамал берцин бихьизабула. Ахираталда гьел киналго диде руссине руго ва жидеца гьабураб гьезда бицине буго, гьелъул жазаги гьабизе буго.**

**I09. Гьал маккаялъул капурзаби цIакъ къвакIарал гьаял гьедун жидеца къотIи гьабулел рукIана жидехъе цо мугIжизат бачIани, яги цо жидеца тIалаб гьабураб гIадатияб гуреб жо лъугьани жидеца гьелда иман лъезе бугин абун. Дуца гьезда абе, МухIаммад гьел мугIжизатал Аллагьасул амруялда руго ва жиндие бокьараб мехалъ загьир гьарула. Гьал мушриказул хIал нужеда лъаларо, я гьал муъминзаби. Гьезухъе мугIжизатал рачIаниги гьел жидеца ритIухъ гьаруларо ва гьезда иман лъоларо.**

**II0. Дица гьел гIадамазул ракIал ва берал дие бокьараб жоялде сверизарула.** Гьезул иман лъолев иманалде вачуна, иман лъоларев жиндирго къосиналда тола. **Жидехъе гьаб Къуръан бачIун хадуги гьелда иман лъечIел гIадамал дица жидерго къосиналда жанир тела щибго лъаларел гIабдалзаби гIадин.**

**III. Дица гьал МухIаммадиде ва Къуръаналде инкар кколел гIадамазде зодиса малаикзаби рещтIинарун рукIаралани ва гьезда хварал чагIи кIалъан рукIараланиги, ва дица кинабго махлукъ данде бакIарун гьезда ццебе чIезабуниги жидеца иман лъолеллъун гьечIо гьеб къавм, Аллагьасе бокьун гьес иманалда вачарав чи гурони. Гьеб къавмалъул гIемерисел жидеда щибго жо лъаларел ва бичIчIунарел руго.**




Гьезда ракIалде кколеб буго жидее бокьараб мехалъ иман лъелин жидеца абун, ва амма жидеда лъалеб гьечIо иман лъейги инкар кквейги ва цогидаб кинабго жоги Аллагьасул ихтияралда букIин, гьес тIовитIарав гурев тIовитIун кколареблъи, гьес чIового хутIизавурав чIового хутIулеблъиги. Маккаялъул мушриказ дуде тущманлъи гьабулеб букIиналда дуца сабру гьабе МухIаммад.

**II2. Гьединго дица щивав аврагасде данде вахъунев цо-цо тущман гьавуна гIадамазул щайтIан вукIунги, жундузул щайтIан вукIунги. Гьел щайтIабаз гIадамал къосинари мурадалда цоцаде вахIю гьабула берцинал ргIаби ва жидер махщел цоцазе бикьула. ТIадегIанав Аллагьасе бокьун букIарабани гьел щайтIабазда кIоларoан аварагзабазе зарал гьабизе. Аллагьас жиндир хIикматалда рекъон гьел аварагзабазул хIалбихьи гьабизе биччараб буго жидеда тIаде гьал тущбабазул къварилъаби. Дуца гьел къурайшиязул мушрикал те, МухIаммад, ва гьез дуе гьарулел хIиллаби ва макрабиги те.** Аллагь вуго мун цIунулев ва гьезда тIад бергьине дуе квербакъулевги.

**II3.** Жидеца гьел берцинал гьерсал рицунел руго: **Аллагьасда ва ахираталда иман лъечIел гIадамал гIенеккизе ва гьезул ракIал жидедехун гьетIизе ва гьел аварагасда нахърилълъиналдаса руссинаризе. Цинги гьезда ва гьез гьабулеб мекъаб пишаялда гьел**

**капурал гIадамал разилъизе. Ва Аллагь разилъуларел гIамалал ва мунагьал гьариялда гьелги хьвадизе.**

**II4.** Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад**, дица Аллагьги живго тун цоги чийищха цIехелев нужедаги дидаги гьоркьоб хIукму гьабизе? ХIакълъунго Аллагь вуго нужеда Къуръан рещтIинабурав, гьелда жаниб кинабго жоги баян гьабун. Дица жидехъе тIехь кьурал ягьудиязда ва насраниязда лъала гьеб Къуръан дур БетIергьанас рещтIинабураб хIакъаб тIехь букIин. Мун щакдарулездаса вукIунге МухIаммад.** Ва мушриказ бицунеб жоялъ дур иман загIип гьабуге.


**II5. ТIадегIанав Аллагьас рещтIинабураб калам тIубана жинца бицунеб жоялъулъ ритIухъаблъун ва гьабулеб хIукму-къадаралъулъ гIадилаблъун. Гьеб Аллагьасул каламалъе жиб хисизе, жиндир бакIалда букIине мустахIикъаб щибго жо гьечIо. ХIакълъунго Аллагь нужер рагIи рагIулев ва кинабго хIал лъалев вуго.**

**II6. Гьаб ракьалда тIад бугеб халкъалъул гIемерисел гIадамаз гьабулеб жоялда мун нахъвилълъани, МухIаммад, гьез мун хIакъаб нухалдаса къосинавизе вуго.** Халкъалъул гIемерисел куфру-ширкалда ругелъул. **Гьел гIадамал диналъул амруялъулъ жидерго ракIалде ккарал хиялазда нахърилълъарал руго. Гьаб къавм битIараб нухалда гьечIо ва гьереси бицунелги руго.**

**II7. Дур БетIергьан Аллагь жинда лъалев вуго битIараб нухалдаса къосарав чи. Гьединго дур БетIергьанасда лъала битIараб исламияб диналда ругел гIадамал.**

**II8.** Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана. мушрикаца муъминзабаздехун абуна: «Нужеца абулеб буго нуж ругин Аллагьасда иман лъурал гIадамал, амма нужеца Аллагьас хвезабураб жо кваналеб гьечIо. Гьеб Аллагьас хвезабураб жо кванай лъикIаб буго нужеца хвезабураб жо кванаялдаса»–абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIине гьабуна**:**

**Нужеца кванай жинда тIад Аллагьасул цIар рехсон шаргIалда рекъон хъураб жо, нуж Аллагьасул Къуръаналда божулеллъун ратани.**




**II9. Нужее бугеб жо щиб, Аллагьасул цIарги рехсон хъураб жо кваначIого тезе ккани, Аллагьас нужее баянги гьабун букIаго жиб кваназе хIалал гьабураб ва хIарам гьабураб жо. ХIалалаб жо щвечIого ракъуца хвеялде ккараб мехалъ хIарамаб жо кваназе бегьиги баян гьабуна нужее.** Гьел мушириказ бицунеб жоялъ нуж щакдаризаруге. **Капурзабаз гьезда гIенеккарал гIемерисел гIадамал битIараб нухдаса къосинарула. Аллагьасул шаргIалда рекъон гьечIого жидее бокьараб жо гьабун хьвадулеллъун гьарула. ХIакълъунго Аллагьасда лъала жиндир шаргIиял нухал хвезарун, гIорхъолъан рорчIун хьвадулел гIадамал.** Гьаб рагIиялда жаниб хIалалаб хIарам гьабун, хIарамаб хIалал гьабун хьвадулел гIадамазе къвакIараб хIалалъ хIинкъи кьей буго.

Аррази абулев гIалимас абуна: гьаб аяталда жаниб нилъее баян буго Аллагьасул диналда жаниб цо гIадамаз бицараб жоялда нахъвилълъун, гьезул рагIиялда мугъчIван, гIадамазе шаргIияб хIукму бицине хIарамаб букIиналда. ГIадамаз бицунеб гIемерисеб жо жидерго напсалъе бокьараб жоялда рекъезабун бицунеб букIуна.

**I20. Нужеца загьирго ва балъго гьабулеб, жиб гьабиялдалъун нуж мунагьалъулъ кколеб гIамал гьаби те. Жидеца мунагьал гьарулел, Аллагьасдаса хIинкъуларел гIадамазе ахираталда жаза гьабизе буго.**

**I2I. Нужеца Аллагьасул цIар тIад рехсечIеб жоялъул гьан кванаге. Гьединаб жо кванай цIакъ кIудияб мунагь буго. ХIакълъунго щайтIабаца жидеда нахърилълъарал гьудулзабазда малъула нужедехун къецандизе ва Аллагьасул шаргIалда рекъон хIарамаб жо хIалалаблъун бихьизабизе.**

**Гьел гIадамазда гIенеккун, гьезда мутIигIлъани, нужги Аллагьасде ширк гьабулел гIадамал рукIуна.**

**I22. Жив хварав чиясда релълъун вукIарав капурав чи,** жиндир ракIги бецав, хIакъаб нухги бихьуларев, **цинги дица жив иманалъул нурги рекIелъе рехун чIаго гьавурав, гIадамазда гьоркьов живго хьвадизе ва цогидал гIадамазеги тIоритIеллъун букIунеб иманалъул гвангъараб нурги Дица жиндие гьабурав. Гьав чи релълъун вукIунищ купруялъул бецIлъукьго хутIарав, гьенисан къватIиве вахъине нух батуларого вугев чиясда. Гьадин капурал гIадамазда берцин бихьизабун буго жидеца гьабулеб гIамал.** Ва гьел щибго хIинкъиги гьечIого Аллагьасде гIассилъиялъул нухалда хьвадулел руго.

**I23.** Дица Макка шагьаралъул мушриказул церехъаби гьарун ругел гIадин гIадамал диналдаса нахъчIвалел чагIилъун**, гьединго щибаб шагьаралда Дица гьаруна бечедал чагIаздаса ва хIакимаздаса кIудиял мунагьал гьарулел ва купру-ширкалда гIагарал гIадамал, жидеца пасалъи гьабизе ва гIадамал хIакъаб Аллагьасул диналдаса руссинаризе ва къосинаризе. Ва амма гьал гIадамаз гьабулеб макру ва хIилла жидерго напсазе заралалъе гьабулеб буго ва гьезда лъалебги гьечIо гьаб иш гьадин букIин.**

**I24. Жидехъе** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад хIакъав ва ритIухъав авараг вукIиналъе**, хIакъаб хIужа-далил бачIараб мехалъ гьез абулеб буго: «Нижеца гьав МухIаммадил ﷺ расуллъун вукIин ритIухъ гьабиларо, нижехъги Аллагьасул (عز وجل) расулазухъе кьолеб тIехь ва мугIжизат кьезегIан» - абун. Аллагьасда (عز وجل) лъикI лъала жинца рисалат лъихъе кьелебали ва щив гьелъие мустахIикъав вугевги.** Гьаб кIудияб чIухIи жиндилъ бугеб рагIи абун ва цогидалги къабихIал пишаби гьарун **кIудиял мунагьал гьарурал гIадамазда цIакъ гьел гIодорегIан гьарулеб гIазаб щвезе буго ва гьел ахираталда Аллагьасда (عز وجل) аскIор жидер щибго къимат гьечIел гIадамаллъун рукIина.** Гьадинаб жаза гьабула Аллагьас (**عز وجل**) гIамал кIудиял, чIухIарал гIадамазе.

==========


Абугьурайратидасаги (ра) хIадис бицана:

***Аварагас ﷺ абуна алжаналда лъугьунин жидер ракIал хIанчIазул ракIазда релълъарал гIадамал абун.*** ХIадис Муслимица (ра) бицана.

Гьелъул магIна буго щибго нахъе жо цIуничIого, къад квенги тIалаб гьабун, къасси ццебе ккараб бакIалда сордоги борчIун рукIунел хIанчIазде релълъун Аллагьу ТагIалаясда таваккал тIамун рукIунел муъминзаби лъугьуна алжаналда абураб. Цоги магIна гьабуна хIанчIазулгIан ракI тIеренал, загIипал гIадамал лъугьуна алжаналдаян абун.

**I25. ТIадегIанав Аллагьасе цо чи иманалда тIовитIизе бокьараб мехалъ, гьесул керен гIатIид гьабула жинда жаниб ислам лъугьине. Аллагьасе иманалдаса къосаравлъун гьавизе бокьарав чиясул керен цIакъ къваридаблъун гьабула, жинда жаниб щибго жо лъугьунареб, жив зобалазде вахине лъугьун гьениве вахине кIоларого, хIухьел цIазе кIоларого хутIарав чиясда релълъун. Гьадин жинда иман лъечIел, аварагасда нахърилълъинчIел гIадамазда тIад Аллагьас дунялалъул гIодорегIанлъи гьабула.** Ахираталда гIазабги гьабула. Гьеб рекIелъе иманалъул нур лъугьун гьелдалъун Аллагь цо гьавизе, гьесул шаригIат къабул гьабизе хIадураблъун лъугьуна ракI ва черх. *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана гьаб аяталъул хIакъалъулъ ва гьев жинца гьикъулев чияс абуна: «Гьасул керен кин гIатIилъулеб, я расулуллагь» – абун. Аварагас абуна: «Нур буго гьеб рекIелъе реххулеб, цинги ракI гIатIилъулеб» – абун». АсхIабзабаца абуна: «Гьеб нур рекIелъе лъугьин жиндалъун лъалел гIаламаталго ругищ?» – абун.*

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьелъие гIаламат буго ахираталъул рукъалдехун ракI гьетIи, гьаб жинца гуккулеб дунялалдасан ватIалъи, хвалие хIадурун вукIинги, гьеб хвел тIаде щвелелде цевего*» – абун.





**I26. Гьаб буго Дур БетIергьанасул битIараб нух. Ва дица гIемерал аятал рещтIинаруна** ва хIужа-далилги бачана **жидеда жо бичIчIунел гIадамаз гьелдасан мунпагIат босине.**

**I27.** Аллагьасул диналда жал хьвадулел, жидеда бицараб жоялъул пикру-тадбирги гьабулел муъминзабазе **Даруссалам абураб алжан хIадурун буго БетIергьанасде аскIоре щвараб мехалъ гьел жанир чIезе. Гьев Аллагь вуго,** цоги щивго чи гьечIо, **гьезул умуразул тадбир гьабулев Вали. Дунялалда иман лъун лъикIаб гIамал гьабун жал хьвадун рукIиналде данде бугеб Аллагьасул жаза буго гьеб.**

**I28.** Дуца къавмалъе вагIзалъун букIине бице, МухIаммад**, ТIадегIанав Аллагьас гIадамалги жундулги къиямасеб къоялъ данде гьарун гьезда абулеб гIуж: Я гьаб жундузул жамагIат! Нужеца дунялалда рукIаго цIакъ гIемерал гIадамал къосинаруна - абун. Жундулгун гьудуллъи гьабун рукIараз абула: Я нижер БетIергьан! Гьезги ниж гIадамазги цоцаздаса мунпагIат босана.** Женаз нижеда дунялалда лазат, шагьват щолеб жо малъана, гьелдалъун нижги лъикIаб жо гьабулел ругеб гIадин рохун рукIана. Ниж къосиналдаги тIамун, жидер мурадалги тIуран рохун женалги рукIана**. Гьедин дунялалъ гуккун рукIаго, дуца цIараб заман лъугьун нижги хун хабалъе ана.** гьале гьанже тIаде рахъинарун дуда цереги чIун руго» – абун. **ТIадегIанав Аллагьас абула: «Жакъа гIузру къабул гьабулеб къо гьечIо. Нуж киналго жанире руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго ва гьенир даимго рукIинеги руго. Аллагьасе бокьараб заман жужахIалда жанир гьечIебги букIина нужер»** – абун. **ХIакълъунго дур бетIергьан Аллагь жинца гьабулеб ишалъулъ хIакимияв вуго, жиндир лагьзадерил хIал ва гьезие гьабулеб жазаги лъалев вуго.**

**I29. Гьал жундузулги гIадамазулги цоцазе квешал гьудулзаби гьарураб гIадин, Дица гIадамазул цоял цоязда тIадеги тIамула гьез гьарурал зулмаби сабаблъун.**

**I30. Я гьал жундузул ва гIадамазул жамагIатал! Нужехъе нужедаго гьоркьосан аварагзаби рачIана гуищ, нужеда дир дин бицунел ва нужее гьаб къиямасеб къо букIинги, гьанир нуж хIисаб-мизан гьабизе тIаде рахъинарун дида цере чIолеблъиги бицунел? Гьел жамагIатаз абула: «БитIараб буго бетIергьан Аллагь. Жакъа нижеца нижерго напсазе заралалъе нугIлъи гьабулеб буго»** - абун. **Дунялалъул чIаголъиялъ гуккун хьвадана гьал гIадамал ва женал, гьанже жидерго напсазе нугIлъиги гьабуна жидеца дунялалда рукIаго Аллагьасде инкар ккун букIиналда.**




**I3I. Гьаб аварагзаби ритIи ва къавмазда рисалат щвезабиялъул хIикмат буго, МухIаммад, дур бетIергьан Аллагъ жинца гIадамал гьалаг гьаруларев вукIин гьезухъе хIакъаб дин щвезабун ва гьезие хIинкъи кьун хадуб гурони.**

**I32. Щивав жинца гIамал гьабурав чиясде ахираталда гьесда рекъараб даража-макъам буго.** ЛъикIлъи гьабурасул лъикIаб, тIадегIанаб даража буго, квешлъи гьабурасул гIодобегIанаб даража буго. **ХIакълъунго дур БетIергьан лагъзадерил гIамал жинда лъаларев гьечIо.** Щивав чиясе ахираталда жинца гьабураб гIамалалъул жаза батизе буго, гIакълу бугел гIадамал кантIун рукIа абе.

**I33. Дур БетIергьан Аллагъ щибго жоялда хIажатав гьечIев, кинабго рахъалъан бечедав буго.** Лагъзадерил гIамалалда жив хIажатав гьечIо, гьезул мутIигIлъиялдаса жиндие хайир бугев, гIассилъиялдаса зарал бугев гьечIо.

**Жиндие рокьарал гIадамазе ва жиндие мутIигIал муъминзабазе лъикIлъи гьабулев, гьезда гурхIулев вуго. Аллагъасе бокьани цо гIазабги тIаде биччан нуж гьалаг гьарун тIагIинарила ва нужер бакIалда цоги къавм бижина, нужеда ццере цоги къавмалги рукIун гьезда хадур нужги рижарал гIадин.** Нужеца гIассилъаби те ва Аллагъасул диналдеги русса, гурони Аллагъ жиндир хIалкIолев вуго нуж гьалаг гьаризе ва кьолболъанго тIагIинаризе.

**I34. Нужее къотIи гьабураб ахиратги хIисаб-мизанги щибго щаклъи гьечIого бачIинесеб жо буго. Нуж Аллагъ (عز وجل) гIажиз гьавун гьесул хIалкIолъиялдаса рорчIунел гьечIо ва нужер лъутине, кIанцине бакIги гьечIо.**

**I35. Дуца къавмалда абе, МухIаммад ﷺ! Я дир къавм, нуж нужерго куфру-ширкалда рукIа ва дидехун тущманлъи гьабулелги рукIа. дунги Аллагъас дида малъараб диналда чIун гьелда гIамал гьабун вукIина. Ахираталде щун Аллагъасул гIазаб хIакълъараб мехалъ нужеда лъазе буго лъикIаб ахират лъие бугебали. ХIакълъунго батIулаб жоялда ругел зулмучагIазул лъикIлъиялда квершел батуларо.**

**I36. Къурайшиязул мушриказ жидеца хьараб хуралдаса ва хьихьараб боцIиялдаса Аллагъасеги цо бутIа гьабуна ва гьез абуна: «Гьаб буго Аллагъасе бугеб бутIа» –** абун. Гьеб жо пакъирзабазе кьолаан. **Цо бутIа жидер алагъзабазеги гьабуна.** гьеб жидер ханзабазухъе кьолаан, гьезги хъанчазе хъульухъ гьабиялда хвезабулаан (расход гьаби).


Жинда Аллагъ разилъаяв Мужагьидица абуна: Маккаялъул мушриказ жидер хуралдаса цо бутIа Аллагъасе буго цо бутIа хъанчазе буго абун гIорхъи гьабулеб букIана. Цинги гьуриялъниги, яги цоги щиб сабаб букIунги Аллагъасул рахъалдаса хъанчазул рахъалде араб жо гьенибго толаан ва Аллагъ бечедав вугин, гьелде хIажатав гьечIо абулаан. Хъанчазе бугеб жоялдаса Аллагъасул рахъалде араб жо хехго тIадбуссине гьабулаан. Бакъ бан, ракъи тIад бачIани Аллагъасе бугеб бутIаялдаса кваналаан ва хъанчазул бутIа нахъе цIунулеб букIана» - абун.

**Аллагъасде (عز وجل) гIахьал гьарурал аллагъзабазул бутIаялдаса щибго жо унароан Аллагъасул бутIаялдехун. Аллагъасул (عز وجل) бутIаялдаса аллагъзабазул рахъалдехун араб жо гьел аллагъзабазе толаан. ЦIакъ квешаб хIукму буго гьал мушриказ гьабулеб хIукму.**

**I37. Гьединго мушриказул гIемерисезе гьезул щайтIабаз берцин бихьизабуна жидерго лъимал чIвайги, гьел гьалаг гьаризе гIоло ва жидер дин цIакъаб дин бугин ракIалде ккезабун. Аллагъасе бокьарабани гьеб гIамал гьабиялдаса гьел нахъчIвалаан. Дуца гьел мушрикал ва гьез гьабулеб гIамал те.** Гьезие жаза Аллагъас гьабизе буго.

Жагьилиял гIарабиязул гIадат букIана ясал чIаго ракьулъ рукъулеб, гьез жидее нич гьабила абун хIинкъун. Хьихьизе кIвеларо абун хIинкъун васалги хвезарулел рукIана.

Цо-цоязул гIадат букIана жидее цо чанго вас гьавуни, цо вас къурбаналъе хъвела абун абулеб. Гьедин къурбаналъе хъвезе къотIи гьабурав вукIана ГIабдулмутIалибица ГIабдуллагь, Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул эмен.




**I38. Гьединго мушриказ абуна: «Гьаб хурги боцIиги хIажру чIвараб буго (вакъфу гьабураб буго) нижер аллагьзабазе букIинелъун. Гьеб кваназе бегьуларо нижеца хIукму гьабун жиндие кьурав чияс гурони» - абун.** Цо хIайванал руго жидеда тIад рекIине хIарам гьабурал. **Цоги хIайванал руго жал хъолеб мехалъ Аллагьасул цIар бахъуларел,** хъанчазул цIар абулел. **Гьебги Аллагьасде гIунтIизабулеб гьереси буго. Аллагьас ахираталда гьезие жаза гьабила гьадинал гьересиял ва батIулал хIукмаби жидеца гьарун рукIиналъе гIоло.**

**I39. Цогиги гьез абуна: «Гьаб пуланаб хIайваналда ургьиб бугеб тIинчI нижер бихьиназе хасаб буго ва руччабазе хIарамаб буго. нагагь гьеб тIинчI хвараб гьабуни, цинги гьеб бихьиназеги руччабазеги гIахьалго хIалалаб буго» – абун. ХIакълъунго Аллагь жиндир пишабазулъ хIикмат пайда бугеб жо гьабулев ва гIадамазе мунпагIат бугеб ва зарал бугеб жо лъалев вуго.**

**I40. ЦIакъ ахираталъе чIорого хутIарал руго гьел гIадамал, щибго гIиллаго гьечIого жидер лъимал чIварал, жидер ахIмакълъиялъ, хьихьизе кIоларо абун.** Жидееги гьезиеги ризкъи кьолев Аллагь вукIин лъачIого. **Ва жидеца Аллагьас хIалал гьабураб жоги хIарам гьабурал гьересияб хIукмуги Аллагьасде гIунтIизабун. Гьаб къавм цIакъ къосараб къавмлъун букIана ва битIараб диналда тIоритIаралги рукIинчIо.**

Имам КъуртIубияс жиндир тапсиралда жаниб бицана: жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабазул цояв кидаго ракI къварилъун, пашманлъун вукIунаан Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагаслда аскIов. Цо нухалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда гьикъана:


«Дуе бугеб жо щиб, мун пащманго вукIине ккани?» – абун. Жинда Аллагь разилъаяв асхIабас абуна: «Я расулуллагьи! Дица жагьилияб мехалъ цIакъ кIудияб мунагь гьабуна. дун исламияб диналде вачIун вугониги дидаса Аллагь тIаса лъугьинраро абун хIинкъун вукIуна дун»-абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Бицеха дида щиб мунагь дудаса ккараб» – абун.

Жинда Аллагь разилъаяв асхIабас абуна: «Я расулуллагьи! Дун вукIана жидеца ясал чIвалеб къавмалдаса… Гьаниб хирияв асхIабас бицараб хабар буго жагьилияб мехалъ жинца жиндирго яс гъуялда жаний реххиналъул бицараб.

**I4I. Гьев БетIергьан Аллагь вуго нижер Халикъ ва Разикъ: жинца нижее ахал гьарурав, тIилал гъоркь чIван рорхизарурал ва гIодорго таралги. Чамастакил ахалги гьаруна, бекьулеб хурги гьабуна батIи-батIияб тIагIам жинца кьолеб, зайтуналъул, соноялъул (граната) ахалги гьаруна. Жидер кьер, жинс релъарал, амма жидер тIагIам батIи-батIиял. Нужеца Аллагьас кьурал пихъал кванай, гьел кваназе бегьулел лъугьараб мехалъ. Нужеца пихъги хурги бакIарулеб мехалъ гьелдасан кколеб хIакъги кье:** паризаяб закат кье ва суннатаб садакъаги кье. **Ва нужеца квен кванаялда жаниб исрап гьабуге:** гIемер кванаге, гьелъ гIакълуялъе ва черхалъе зарал гьабула**. ТIадегIанав Аллагьасе жидеца исрапчилъи гьабулел гIадамал рокьуларо.** Исрап гьаби абула кинабго жо гIорхъи хун гьабиялда. ХIажаталдаса тIокIаб жо хвезаби цояб хIарамаб букIуна, цояб карагьатаб букIуна жиндир хIал ва заман хал гьабун. Мунго маликаб боцIи-мал хIажаталдасан тIокIаб хIалалъ лъикIаб нухда хвезаби карагьатаб лъугьуна дуеги дуда напакъа тIадаб хъизаналъеги гIолеб къадар гъоркь толеб гьечIони. Дуде аманат гьабураб, дуде божилъи гьабун тараб цогидазул боцIиялдаса хIажаталдаса тIокIаб жо хвезаби хIарамаб букIуна.

**I42. Рукъалъул хIайваналги кьуна нужее: цоял чIахIиял** варанаби, чуял, жидеда тIад рекIунел ва къайиги баччулел. **Цоял гIисинал,** гIиял-цIани гIадал, жидер рахь бечIулел ва гьанги кваналел**. Нужеца Аллагьас кьураб хIалалаб ризкъи кванай ва щайтIаналъул нухда нахърилъун нужецаго цояб хIарам гьабун, цояб хIалал гьабун хьвадуге. ХIакълъунго гьеб щайтIан нужер тущман буго: жиндир тущманлъи загьираб ва баянаб.**




**I43. Нужее хIалалаблъун микьго жо гьабуна,** рукъор хьихьун жидер гьан кваназе бегьулел, рахьги гьекъезе бегьулел. **ЦIаназул кIигояб гьабуна (бихьинаб в цIуяб), бихьинаб ва цIуяб чахъуги гьабуна. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад, гьал хIайваназул бихьиналищ Аллагьас нужее хIарам гьарурал, яги цIуялищ хIарам гьарурал, яги гьезул цIуязул ургьиб бугеб тIинчIищ нужее хIарам гьабураб? Нужеца дида бицеха, нуж битIараб жо бицунел ратани.** Гьаб ргIи буго мушриказда бадибчIвай гьабун абулеб; жидеца жидеего бокьараб жо хIалал гьабун, бокьараб жо хIарам гьабун хьвадулел рукIарал**.**

**I44. Гьединго чIегIер хIайваназулги бихьинабги цIуябги гьабуна, варанабазулги бихьинаб ва цIуяб гьабуна. Гьанжеги абе МухIаммад, гьел мушриказда: нужеца дида бицеха гьал хIайваназул бихьиналищ Аллагьас нужее хIарам гьарурал, яги цIуялищ хIарам гьарурал, яги гьазул цIуязул ургьиб бугеб тIинчIищ хIарам гьабураб? Яги нуж Аллагьасда аскIор чIунищ рукIарал, гьес нужеда гьадинаб васият гьабулеб мехалъ?** ЦохIониги жо Аллагьас хIарам гьабичIо гьал мушриказ бицунеб хIалалъ.

**Аллагьасде гIунтIизабун жинца гьереси бицунев чиясдаса кIудияв зулмучи щивго вукIинаро. Щибго шаргIияб хIужа-далил гьечIого, гьереси бицун гIадамал битIараб диналдаса къосинаризе бокьарал чагIи руго гьел. ТIадегIанав Аллагьас гьединаб зулмуяб къавм битIараб нухда тIобитIуларо.** Ва гьезул руссунеб бакI жужахI букIуна.

**I45. Дуца абе, МухIаммад, дида вахIю гьабураб Къуръаналда жаниб дида батулеб гьечIо жинца квен кваналев чиясе кваназе хIарам гьабураб жо капурго хвараб жоги, чвахулеб, тIинкIулеб биги, болъонил гьанги гурони. Гьеб болъон цIакъ хъубаб жо буго** жинца чорокаб щинаб жо кваналеб**. Гьединго кваназе хIарамаб буго Аллагьасул гуреб цIар жинда рехсон хъураб, пасикъаб, мунагьаб жоги. Гьал рехсарал жалаздаса кваназе рес къотIиялъ тIамурав чиясе мунагь гьечIо, жинца бокьун ва лазат босун гьеб кваналеб гьечIони** ва жиндир рухI борчIизе гIадаб къадар кваналеб бугони**. ХIакълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев вуго ва муъминзабазда гурхIулевги вуго.**

**I46. Ягьудиязе дица хIарам гьабуна кинабниги жиндир малъ бугеб жо.** жиндир хIатIида килщал гьечIеб цогояб малъ бугеб жо, варани, чу гIадаб.

**ЧIегIер хIайваназдаса ва гIи-цIаназдаса ягьудиязе гьезул тIатIи хIарам гьабуна. Гьел хIайваназул мугъалда рекIун бугеб, бакь-кIачалда рекIун бугеб тIатIи ва ракьаялда тIад бижараб мохмох кваназе хIарам гьабичIо ягьудиязе. Гьезие гьеб хIарам гьабиялъе гIиллаги буго жидеца гьарурал мунагьал ва гIассилъаби.** аварагзаби чIвай, риба кванай, чияр боцIи хIалал гьаби ва цогидабги квешаб щинаб жо.


**ХIакълъунго дун дица бицунеб жоялъулъ ритIухъав вуго.** Ва дица гьабураб жо букIана хIалалаб яги хIарамаб. Гьел ягьудиял жидеца гьереси бицунел руго ва, Аллагьас хIарам гьабичIеб жо хIарам гьабун, гIадамал къосине гьарулел руго.

=========

Я гьав капурав, Аллагьасде ширк гьабулев, къабихIал пишаби гьарулев, жив вижарав бетIергьан Аллагьасде данде вахъунев инсан! Аллагьас мун тIовитIана гьев лъаялде ва жиндие хIакъаб гIибадат гьабиялде, амма дуца гьеб къабул гьабичIо. Аллагьас мун гьев гурхIулеб нухде ахIана, мун гьелда разилъичIо. Дур рекIелъе иманги лъугьинабулеб букIана, дуца гьеб нахъчIвана.

Гьаб кинабго ишалда хадубги дуе бокьун буго мун вахчизе жагьилал, ахIмакъал гIадамаз жиб абулеб, гьересияб, къосараб ргIиялда нахъа: «Аллагьасе бокьун букIарабани нижеца ширк гьабилароан» – абураб.

Дуда кIочон толел руго гIемерал Аллагьасул аятал жидеца дуе хIакъаб нух бихьизабурал, мун квешлъиялдаса цIунарал ва дуца гьабураб гIамалалда рекъараб жаза гьабизе буго Ахираталда дуеян абуле.




**I47. Гьаб хIакъаб Къуръаналъул хIукму жидеда бицун хадубги ягьудияз мун гьереси гьавуни, дуца гьезда абе, МухIаммад: нужер бетIергьан Аллагь цIакъ гурхIел-рахIмат гIатIидав ва гIемерав вугоха абун.** гIажаиблъи гьабун абулеб ргIи буго гьеб. Гьал ягьудияз гьарулел кIудиял мунагьалги, гьел Аллагьас гIазаб гьабичIого тейги цIакъ гIажаибаб жо буго. **Аллагьасе цо квешаб къавмалъе гIазаб гьабизе бокьараб мехалъ, гьесул гучаб гIазаб нахъчIвазе лъидаго кIоларо.**

**I48.** Жидеда гIайибго гьечIебгIадин **мушриказ абизе буго: «Аллагьасе бокьун букIарабани нижеца ширк гьабичIого букIине, нижеца гьеб ширк гьабизе букIинчIо, нижер умумузги гьабизе букIинчIо. Нижеца щибго жо хIарамги гьабизе букIинчIо» – абун. Гьадин жидеца гьересияб хIужа-далил бачунел рукIана гьазда церехун рукIарал капурал умматазул гIадамалги, Дица гIазабги рещтIинабун гьел гьалаг гьарзегIан.**

**Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад, нужер щибго гIелмияб далил батани, нужеца гьеб далил бицеха абун.** Гьезул щибго далил гьечIо.

**Нуж руго нужерго ракIалде ккараб жоялда нахърилъун ругел, Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бицунел гIадамал.**

**I49. Дуца абе, МухIаммад, Аллагьасда аскIоб буго цIакъ тIубараб, камилаб хIужа ва далил** гьал капурал, мушрикал, пасикъал гIадамал мекъаб нухда рукIин жинца чIезабулеб**. Аллагьасе бокьун букIарабани нуж киналго битIараб нухда хьвадулеллъун рижинаан.** Киннги жиндир азалияб хIикматалда рекъон нуж рижун руго ва нужецаго тIаса бищараб гIамал гьабизе ихтияралда риччан руго.

**I50. Жегиги дуца Къурайшазул мушриказда абе, МухIаммад: Жеха нужеца нужерго нугIзал раче гьеб нужеца бицунеб жо Аллагьас хIарам гьабун букIиналъе. Нагагь гьединаб нугIлъи гьабун цо гIадамал кIалъани ва жидеца гьересияб нугIлъи гьабуни, дуца гьеб нугIлъи къабул гьабуге, ва мун гьезда гIенеккуге. Дир Къуръанги гьереси гьабулел, ахираталдаги божуларел гIадамазе бокьараб жоялда мун нахъвилъулъунге. Жегиги Аллагьасде ширк гьабун хъанчазе лагъалъиги гьабулеллъун ругел гьал жидеего бокьараб жо хIарам гьабулел гIадамал.**

**I5I. Дуца абе МухIаммад! Нуж рачIа дихъе: дица нужее бицине буго, нужер БетIергьанас нужее хIарам гьабураб жо. ТIадегIанав Аллагьас нужеда васият гьабулеб буго нужеца Аллагьасде щибго жо гIахьал гьабугеян гьесие гIибадат гьабиялъулъ. Эбел имсуе лъикIлъи гьабе абунги гьабулеб буго васият.** Гьезие къварилъи гьабуге абун абичIого Аллагьас эбел-имсуе лъикIлъи гьабе абуна. Гьалъул хIикмат буго эбел-имсуе къварилъи гьабичIого тараб гIоларо, гьезие лъикIлъиги гьабизе ккола. Гьедин гурони эбе-имсул хIакъ тIубан бахъунаро.

**Цоги нужеда васият гьабулеб буго, нужеца лъимал чIваге абун гьел хьихьизе кIоларо абун хIинкъун. Дун вуго нужееги гьезиеги ризкъи кьолев Разикъ. Нуж къабихIал пишабаздаги гIагарлъуге загьирго гьабулеб букIа гьеб къабихIаб иш яги балъго гьабулеб букIа.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: гьаб къабихIаб жоялдалъун мурад буго зина гьаби. Жагьилиял гIарабиязул гIадат букIана балъго зина гьаби къабихIаб ишлъун рикIкIунареб, загьиралда зина гьаби цIакъго сурукъаб жолъун рикIкIунеб. ТIадегIанав Аллагьас загьиралдаги балъгоги зина гьаби хIарам гьабуна.

**Цоги нужеда васият гьабулеб буго Аллагьас чIвазе хIарам гьабураб, щибго гIайиб гьечIеб напс чIвагеян, шаргIияб гIилла букIун чIвазе хIакълъун гунони.**


Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Бусурманчиясул би хIалаллъуларо лъабго жоялъул цоялдалъун гурони:

I) Жинца зина гьабурав чи чIвала хIалалаб магьари лъун ригьин гьабун букIун хадуб зина гьабураб мехалъ. Ригьин гьабичIел гIолилаз зина гьабуни гьезда хIад кьабула нусго тIил.

2) Жинца напс чIварав чи къисасалъе чIвала.

3) Исламияб дин тун муртадлъарав чиги чIвала.

**Гьаб ццебе рехсараб жо буго Аллагьас нужеда васият гьабулеб, нужеда хIакъаб жо лъазе ва бичIчIизе бокьун.**




**I52. Нуж ятимзабазул боцIуда гIагарде къаге абунги Аллагьас васият гьабулеб буго нужеда. Гьеб боцIи цIунун, гьеб цIикIкIинабун ятимзабазе мунпагIат бугеб жоялдалъун бегьила гьелда гIагарлъизе. Гьел ятимал лъимал кIудиял гIун, жидеца боцIул милат гьабулел лъугьизегIан тIалаб гьабе гьаб малалъул. Нужеца цIадиро-къалиги тIубазабе ритIухъаб хIалалъ.**

Байзави абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Алагьас цIадиро–къали тIубазабе абураб ргIиялда хадуб «Дица хIал кIолареб жо напсалда тIад льоларо»- абуна. Гьальул хIикмат буго: боцулеб, цIалеб жо мухIканго тIубазе ккани цIакъго захIматаб жо букIин ва хIал кIвараб жо гьабун хадуб дагьамакъаб жоялдаса Аллагь тIаса лъугьина абураб. **Дица цониги напсалда тIад къаларо гьеб напсалда гьабизе хIал кIолеб жо гурони.**

**Ва нужеца хIукму ва нугIлъи гьабулеб мехалъ битIараб, хIакъаб ргIи бице, гьеб дур гIагарал чагIазе заралалъе кколеб бугониги. Ва гьанир рицаралги, рицинчIелги Аллагьасул къотIаби тIуразаре абун васият гьабулеб буго нужеда. Гьаб цебе бицараб жо буго Аллагьас нужеда васият гьабулеб, нужеца гьелдасан вагIза босизе бокьун ва гьелда нахърилъльун гIамал гьабизе бокьун.**

**I53. ХIакълъунго гьаб дин дица нужее лъураб битIараб нух буго, нуж гьаб нухда нахърилълъа ва гьеб ккун чIа. Нуж батIи-батIиял диназда нахърилълъунге ва кинал ругел лъаларел нухаздаги хьвадуге. Гьедин цоги диналда нахърилълъани нуж рикь-рикьун ине руго ва битIараб нухдаса къосизе руго. Гьаб буго дица нужее гьабулеб васият нуж Аллагьасадаса хIинкъизе бокьун.**


**I54. Дица Муса аварагасухъе Таврат кьуна дир рахъалъан гьесие бугеб нигIмат тIубазабун. гьев Муса аварагас дир амру-нагью тIубаялда тIад чIун лъикIаб гIамал гьабун букIиндал, берцинаб гIибадатги гьабун букIиндал. Ва гьел бануисраилал жидер диналъулъ ва дунялалъулъ жинда хIажалъулеб кинабго жо баян гьабулеблъунги. Гьединго жинца бануисраилал хIакъаб диналда тIоритIулеблъун ва гьезие рахIматлъунги. Жидеца Аллагьасда иман лъун, ахираталда гьесда дандчIвазе рукIиналда мукIурлъизе бокьун.**

**I55. Дица МухIаммад аварагасда рештIинабураб гьаб Къуръанги жиндилъ баракат бугеб, жиндир къадро кIудияб ва мунпагIатал гIемераб тIехь буго. Жинца дунял ахираталъул киналго лъикIлъабазда щвей гьабулебги буго. Нуж гьеб Къуръаналда нахърилълъа, гьеб нужер имамлъунги гьабе, гьелъул хIукмуги ккве. Гьедин нуж хьвадани нужеда Аллагь гурхIизе вуго.**

**I56. Гьадинаб хирияб Къуръан дица рештIизабуна гIарабияз абичIого букIине; «Нижеда цере рукIарал Ягьудиязда ва Насраниязда тIехь рештIизабуна. Ниж гьеб тIехь цIализе лъалелги рукIинчIо – абун.**

**I57. Цогиги гьел гIарабияз абичIого букIизе: нижедаги тIехь рештIизабун букIараб ани ниж гьел ягьудияздасан ва насраниязда лъикI битIараб нухда рукIинаан» - абун. ХIакълъунго нужехъе БетIергьанасул рахъалъан къадро кIудияб Къуръан бачIана. Жинда жаниб кинабго жо баян гьабураб, нужер ракIазе тIоритIеллъунги бугеб, нужер напсазе Аллагьасул рахIматлъунги бугеб.** Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг витIидал ва гIараб мацIалда Къуръанги рештIизабидал гьеб къавмалъул кинабго гIузру тIаса ана ва Аллагьасда цере чIараб къоялъ жидер мунагьазда мукIурлъи гуреб цоги хIужа гьезие букIунаро.

**Гьаб хIакъаб Къуръан жинца гьереси гьабурасдаса зулму кIудияв чи шивха вукIинев, Къуръаналда иман лъеялдаса живги вуссарав, жинца цогидал гIадамалги иман лъеялдаса нахъчIварав. Гьаб Къуръаналдаса руссун чIарал гIадамазе дица ахираталда цIакъ кIудияб, квешаб гIазаб гьабила Аллагьасул аятаздаса руссиналъе гIоло ва жидеца аварагги гьереси гьавиялъе гIоло.**




**I58. Къуръаналда ва аварагасда инкар ккурал мушриказе хутIараб жо гьечIо жидер рухI босулел малаикзаби рачIин гурони. Яги Аллагьасул цо амру бачIин гурони гьезие гIазаб гьабиялдалъун. Яги къиямасеб къо гIагарлъиялда тIоритIел гьабулеб цо гIаламат бачIин гуреб. Аллагьасул аятазул цо тайпа бачIараб мехалъ:** бакъ тIерхьудасан бакъ бакки гIадаб, **иманлъун букIинчIеб напсалъе щибго мунпагIат гьабуларо гьаб гIаламат бихьараб мехалъ иман лъеялдалъун. Жинца цебеккун лъикIаб гIамал гьабичIеб напсалъеги гьанже гьабураб гIамалалъ хайир гьабуларо. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад! Нуж балагьун чIаха щиб квешаб къодай нужеда бачIинеб абун. нижги балагьун чIарал руго кидадай Аллагьас нужее гIазаб гьабила абун.** Гьаб аяталъул хIасил буго: ТIадегIанав Аллагьас хирияв авараг витIана Маккаялъул мушриказда, гьезда цIализе лъалеб ва бичIулеб мацIалда Къуръанги рештIинабуна. Аллагьасул махлукъаталъул пикро гьабун Аллагь цо вукIиналда тIоритIел гьабизе гIакъло-лъайги кьуна. Гьаб кинабго жоялдасан руссун ширк гьабиялда тIад чIана гьел мушрикал. Гьанже гьезие бугеб жо буго чIаго дунялалда букIунги, ахираталда букIунги Аллагьасул гIазаб тIаде бачIин.

**I59. Жидеца дин бикьизабурал ва къокъаби лъугьун цо-цазде къецандарал гIадамазул дуе щибго къварилъи гьечIо. Гьезул амру Аллагьасда буго ва гьес ахираталда гьезда бицине буго гьез гьабураб гIамал ва гьелъул жаза гьабизе буго.**

**I60. Иманги лъун жинца лъикIаб гIамал гьабурав чиясе Аллагьас гьелъул кири анцIго нухалъ цIикIизабула. Жинца квешаб гIамал гьабурав чиясе Аллагьас гьеб квешлъиялда рекъараб жаза гурого гьабуларо,** тIаде щибго жо цIикIизе гьабуларо **ва гьел гIадамазе зулмоги гьабуларо.**

**I6I. Дуца абе МухIаммад: Аллагьас дун тIовитIун вуго унго унгояб битIараб нухалда. Киналго батIулал диназдаса бацIадаб, жиб битIараб, хIакъикъияб Ибрагьим аварагасул диналда. Гьев Ибрагьим жинца ширк гьабулездаса вукIинчIо.**


**I62. Жегиги дуца абе МухIаммад! ХIакълъунго дица балеб как, Аллагьасе гIибадат гьаби, дица жо хъвейги**: къурбаналъе хъолеб жо. **Дир чIаголъиги ва гьеб чIагоалъиялда жаниб дица**

**гьабулеб кинабго гIамалги, дир хвелги, ахир дун вусинги ТIадегIанав Аллагьасе буго: кинабго гIалам жинца хьихьулев БетIергьанлъун жив вугев.**

**I63. Гьев Аллагьасе шивго гIахьал чи гьечIо,** дица цахIо Аллагь гуресе гIибадат гьабуларо. **Аллагьас дида гьелдалъун амруги гьабун буго. Дунги гьаб умматалъул Аллагьасе мутIигIлъун, гьесие гIибадат бацIад гьабулезул авалав вуго.**

**I64. Дуца абе МухIаммад: Дица дие бетIергьанлъун Аллагьги живго тун цоги чийищ цIехелев? Гьев Аллагь** жинца кинабго жо бижарав **гьаб кинабго махлукъаталъул БетIергьан вуго. Щибаб напсалъ мунагь, хIарамаб жо гьабураб мехалъ, гьелъул гIакъуба гьеб напсалъе букIула. Цо напсалъул мунагьал цоги напсалда тIаде лъоларо,** ва цо напсалъе гьабизе ккараб гIакъуба-гIазаб цоги напсалъе гьабуларо. **Ахираталда кинабго халкъ Аллагьасде буссунеб буго** хIисаб-мизан ва жаза гьабизе**. Цинги шибаб напсалда бицинеги буго нуж жиндилъ хилиплъун рукIараб диналъул ва щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаги гьабизе буго.**

**I65. Жинца нуж гьаб ракьалда цогидал умматалги рукIун хадуб гьезул бакIалда халипалъун гьарурав Аллагь вуго нужер БетIергьан. Жинца нужер цоял цогидаздаса тIадегIанги гьаруна даража макъамалъул рахъалъан. ХIакълъунго МухIаммад, дур БетIергьан Аллагь ахираталда жинда гIасилъаразе гIакъуба цIакъ хех гьабулев вуго. Гьединго ТIадегIанав Аллагь жинда мутIигIал муъминзабада жив цIакъ гурхIулев, гьезул мунагьал чурулев вуго.**




**7. Сурату –аль- АгIраф**

Маккаялда решТIинабураб, жинда жаниб кIинусиялда анлъго аят бугеб.

**I. Алиф, Лам, Мим, Свад.** ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго гьал хIурупал рехсеялдалъун бугеб мурад.

**2. Гьаб тIехь буго ТIадегIанав Аллагьас дуда решТIинабураб Къуръан. Дур рекIелъе щибго къварилъи яги захIмалъи ккоге гьеб къавмалда швезабиялъулъ, гьез мун гьереси гьавила абун. Гьаб Къуръан дуде рещтIинабуна гьелдалъун дуца Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамазе хIинкъи кьезе ва муъминзабазе вагIза-насихIатлъунги букIине.**

**3. Нуж Аллагьас нужеда рещтIинабураб жоялда нахърилъла.** Жинда жаниб тIоритIел бугеб, гвангъараб нуралда релълъараб Къуръаналда нахърилълъа. **Ва нужеца гьев Аллагьги живго тун нужее цоги вализаби ккоге ва нуж гьезда нахърилълъунге. ЦIакъ дагьал гIадамазе гурони Аллагьасул Къуръаналъул вагIзаялъ мунпагIат гьабулеб гьечIо.**

**4. ГIемерал росабазул агьло буго дица жиб гьалаг гьабураб,** гьез аварагзабаде нахърилълъине инкар гьабураб мехалъ. **Гьел росабазда тIаде дир гIазаб бачIана къаси жал кьижун яги хъизаназул рекIелгъеялда ругеб мехалъ, яги къалъул гIужалда хIохь бахъиналъе гьел чIчIун ругеб мехалъ.**

**5. Гьаб дир гIазаб жидеда щвараб мехалъ гьез абулеб цоги рагIи букIинчIо ва гьез ахIи балеб жоги букIинчIо: «Ниж цIакъ нижеего зулму гьабулеб агьло букIанаха» - абун гьел мукIурлъи гуреб.** Аллагьасул гIазаб решТIараб мехалъ гьезда бичIчIана гьеб заман дугIаялъ кумек гьабулеб гьечIеблъи.

**6. Дица цIакъ тIадчIун гьикъизе буго дир аварагзабада ва гьел аварагзаби жидеда ритIарал умматадаги.** Ахираталда хIисаб-мизан гьабулеб мехалъ капурзабада бадиб чIвай гьабун ва гьезул кIанцIи къотIизабун гьикъизе буго: нужехъе аварагзабиго рачIичIищ? Гьез нужехъе Аллагьасул дин щвезабичIищ? Нужеца щиб жавабха гьезие кьураб?-абун.

Гьаб гьикъа-бакъиялда хадуб гьезие жидецаго тIаса бищараб жужахIалъул гIазаб гьабизе буго. Аллагьас жиндир аварагзабадаги гьикъизе буго нужеца умматазухъе дир дин щвезабунищ абун. Цинги

гьез: «щвезабуна нижер бетIергьан»-абидалго гьездасан разилъун тIадегIанал макъамал ругел алжаналда гьелги ритIизе руго.

**7. Гьеб хIисаб-мизан гьабулеб къоялъ дица гIадамазда бицине буго гьез дунялалда гьабураб кинабго гIамал Дида лъалеб букIиналъ. Дун цохIо лахIзаталъги гьездасан рикIкIалъун, гьез гьабулеб жо лъаларого вукIинчIо.**


Жинда Аллагъ разилъаяв ИбнугIабасица абуна: къиямасеб къоялъ лагъзадерил гIамал хъвараб кагъат лъола гьезда щебе ва гьеб кагъаталъ бицуна гьез дунялалда гьабураб кинабго гIамал, щибго жо гьоркьоб течIого: абураб рагIиги бицуна, гьабураб гIамалги бицуна, лъикIаб букIа, квешаб букIа, къабихIаб-инжитаб, жиб бицине сурараб жо букIа. Гьадин Аллагъасда щеве чIун, халкъул гIалам нугIзаллъун рукIун, жиндир хIисаб-мизан гьабулеб къоялъ гьениб щебе бачIунеб къабихIаб, инжитаб жо гьабизеги, бицинеги намус букIине ккела бусурманчиясда.

**8. Гьеб къиямасеб къоялъ лагъзадерил гIамалал цIалел цIадирабиги рукIине руго** гIадилал, битIарал, щивго чиясе зулму гьабуларел. **ЛъикIаб гIамалалдалъун жидер цIадираби бакIлъарал гIадамал руго жидер кинабго лъикIлъиялда кверщел батарал ва мурадазда щварал.**

**9. ЦIадираялда тIад лъикIаб гIамал тIадагьлъун квешаб гIамал гIемерлъарал гIадамал руго жал ахираталъе чIорого хутIарал ва жидерго напсал гьалаг гьарурал. Гьелъие гIилаги буго гьез дир Къуръаналда инкар ккун букIин.**

**I0. Дица нужее гьаб ракьалда тIад нужеего бокьухъин рукIине рес рекъезабуна ва нужее магIишат гьабиялъе сабабалги рекъезаруна. Гьедин бугониги дир нигIматал лъалев ва гьезие шукро гьабулев чи нужеда гьоркьов цIакъ дагь гурони гьечIо.**

**II. ХIакълъунго нужер эмен Адам вижиналдалъун Дица нуж киналго рижана ва нужер цIакъ берцинаб суратги гьабуна. Хадуб дица малаикзабада амруги гьабуна нужеца гьав Адамие сужда гьабе абун.** Гьаб амруги буго Адам авараг ва гьесул зурият хира гьабун гьабураб. **Аллагъасул амруялда мутIигIлъун киналго малаикзабаца Адамие сужда гьабуна. Гьеб заманаялъ гьеб бакIалда букIараб иблис сужда гьабичIого чIана.** Гьеб чIухIана хIаршудаса вижарав Адамие сужда гьабизе.




**I2. TIадегIанав Аллагъас иблисалда абуна: «Дица сужда гьабеян амру гьабураб мехалъ гьеб сужда гьабиялдаса мун щиб жоялъ нахъе чIвараб?» - абун. Иблисалъ абуна: «Дун Адамидаса лъикIаб буго. Дуца дун бижана цIаялдасан ва дуца Адам хIаршалдаса вижана»** - абун.

**I3. TIадегIанав Аллагъас абуна: «Мун гIодоб лъугьа алжаналдаса. Дир амруялда мукIурлъизе чIухIун дир хирияб рокъоб чIун дица мун теларо. Мун гьанисан къватIибе бахъа ва мунги гIодобегIан гьабураб буго** абун. Иблисалъ гIамал кIодолъи ва чIухIи загьир гьабидал гьелъие жаза гьабуна гIодобегIан гьабиялдалъун ва хIакъир гьабиялдалъун.

Аллагъасе хIеларав ва мутIигIлъарав чи гьес тIадегIан гьавула. Гьесде данде гIамал кIодолъи гьабурав чи Аллагъас гIодовегIан гьавула.

**I4. Цинги иблисалъ абуна: «Дуца дун хвезабичIого теха халкъ тIаде бахъизабулеб къо щвезегIан»**-абун. ГIазаб гьабичIого нахъ тIамун те. Гьаб иблисалда лъана халкъ тIаде бахъизабулеб къоялдаса хадуб хвел букIунареблъи ва жиб хвалил гIазабалдаса борчIизе сабаб гьарана.

**I5.** Жиндир хIикматалдалъун Аллагъас гьеб иблисалъул гьари къабул гьабуна **ва жинца абуна мун нахъе бахъун тараб буго абун.**

Жинда Аллагъ разилъаяв ИбнугIабасица абуна: гьаб иблис хвезабичIого нахъе бахъун тана тIоцебесеб сур пулеб къоялде щвезегIан. Гьеб сур пураб мехалъ кинабго рухIчIагояб жо хола, гьелгун

цадахъ иблисги хола. Гьеб иблисалъе бокьун букIана хвалил кьогIлъи чIамичIого букIине ва жиб кIиабилеб сур пулеб мех щвезегIан чIаго тезе. ТIадегIанав Аллагьас иблисалъул гьаб мурад тIубачIо.

Гьаб ргIи битIараб букIиналда тIоритIел гьабула цоги аяталда жаниб бугеб ргIиялъ: мун нахъе бахъун тараб буго цо пуланаб заман щвезегIан–абураб.

**I6. Цинги иблисалъ абуна: «Дуца дун гьав Адам сабаблъун къосараб, гIодобегIанаб буго абун хIукму гьабидал, дун гьедун дица абулеб буго: Дун битIараб исламияб нухда тIад гIодоб чIела ва гьелдаса Адамил насло дица нахъчIвала» - абун.**

**I7. Цинги дун гьеб Адамил наслоялъухъе гьезда цебесан бачIина, нахъасанги бачIина, квараниса-квегIисаги бачIина** ва дица гьезие кинабниги лъикIаб жо сурун бихьизабила, кинабго батIулаб жо берцинги бихьизабила. **Ва дуда гьезул гIемерисел дур нигIматазе щукру гьабулеллъун ратиларо.** Дур амруялда гIасияллъун, мутIигIлъи таралги ратила.


**I8. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Мун гьаб алжаналдаса къватIиб бахъа мун какараблъун ва дуда гIайиб чIвараблъун, дир рахIматалдаса рикIкIад гьабураблъунги. Дун гьедулев вуго мунги дуда мутIигIлъаралги жанир рехун жужахI цIезабилаян абун.**

**I9. Я Адам! Мунги дур чIужу ХIаваги гьаб алжаналда жанир чIа. Ва нужеего бокьарал нигIматаздасаги кванай. Нуж гьаб гъветIалда аскIор къаге ва гьелдаса кванаге. Нагагь гьеб гъветIалдаса кванани нуж нужеего зулму гьабураздаса рукIуна абун.**

**20. Цинги щайтIаналъ гьезул рекIелъ вас-вас рехизабуна ва гьезда балъго букIараб гIаврат загьирлъизе хIилла гьабуна. ЩайтIаналъ абуна: «Гьаб гъветIалдаса кванагеян нужер БетIергьанас абуна** нужер макъам жегиги тIадегIан борхизе бокьичIого: **нуж малаикаллъун рукIине яги даимго алжаналда жанир рукIине бокьичIого» - абун.**

**2I. Адамие ва ХIавае щайтIанги гьедана дун нужее лъикIаб жо бицунеб, нужеда гурхIун насихIат гьабулеб бугоян абун.**

**22.** ЩайтIаналъ Аллагьасул цIар бахъун гьедараб мехалъ гьеб гьа гьереси бицун гьедуларо абун ракI чIчIарав **Адамги ХIаваги щайтIаналъ гуккун гьеб гъветIалдаса кванаялда рачана. Цинги гьезул гIавратал загьирлъана** ва гьел кIиялго цоцаздаса нечана, **гъутIбуздаса тIанхал ретIун, гьел тIаде рекIинарун гIавратал рахчизе лъугьана. Гьезда Аллагьасул рахъалъан ахIана: нужеда абун букIана гурищ нужеца гьеб гъветIалдаса кванагеян абун. Дица гьеб щайтIан нужее баянаб ва загьираб тущман бугоянги абун букIана гурищ? – абун.**




**23. Адамицаги ХIавацаги абуна: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Нижеца нижерго напсазе зулму гьабуна дур амруялда хилиплъи гьабун. Гьанже мун нижеда гурхIичIони ва дуца нижер мунагьалги чуричIони ниж цIакъго гIадада хварал, чIорого хутIарал гIадамал рукIина» - абун.**

**24. ТIадегIанав Аллагьас абуна: нуж киналго алжаналдаса къватIире лъугьун ракьалда рештIа. Нуж цоял цоязе тущбаби руго ахир къиямасеб къо чIезегIан – абун. Нужее ракьалда тIад буго нуж чIолеб бакI ва нужеца магIишат-яшав гьабун нужер гIажал тIаде щвезегIан мунпагIат босулеб бакIги.**

**25. Жегиги ТIадегIанав Аллагьас абуна: «гьеб ракьалда чIаголъи гьабун рукIина нуж. Цинги хун гьеб ракьалъул чохьонирги рукIина, ахираталда хIисаб-мизан гьабизеги гьеб ракьулъан тIаде рахъинарула» - абун.**

**26. Я Адамил лъимал! Дица нужее лъабго батIияб ретIел гьабуна: Цо ретIел гьабуна нужеца жинда лъун гIаврат бахчулеб ва кидаго нуж жинда хIажатаб. Цоги ретIел гьабуна гIадамазда гьаркьор нуж хьвадулеб мехалъ нужеца берцинлъиялъе тIад ретIунеб. Лъабабилеб ретIел буго и**нсанасул жанисеб, рухIияб рахъ бацIцIадаб ва берцинаб букIин. **Гьаб буго жиндир кIвар цIикIараб ва лъикIаб.**

Гьаб ретIелги **Аллагьасул гIаламатаздаса цо гIаламат буго**, ва гьал кIудиял нигIматазда лагъзадерица щукру гьабизе гIоло буго**, гьелдалъун Аллагь ракIалда щвезе ва гьесие гIибадат гьабизе бокьун.**

**27. Я Адамил лъимал! Вореха нуж щайтIаналъе гуккизе чIоге. Гьеб щайтIаналъ нужее макро гьабизе буго ва нужер эбел-эмен Адамги ХIаваги жидеда тIад букIараб нуралъул ретIелги бахъизабун, гIавраталги загьир гьарун, алжаналдаса къватIир рахьинарурал гIадин, нужги гIодорегIан гьаризе руго**. Нужеда Аллагьасул ццим бахъулеб жо гьабизе тIамун. **Гьеб щайтIаналъул мурад буго инсанасул киналго хиралъаби, лъикIлъаби тIаса инегьари. Гьеб щайтIаналъе ва гьелъул наслоялъе нуж рихьула, нужеда гьел рихьулел гьечIониги. Дица гьел щайтIаби гьудулзабилъун ва кумекчагIилъун гьарун руго Аллагьасда иман лъоларел капурзабазе.**

**28. Аллагьасде ширк гьабулел гIадамаз цо къабихIаб пиша гьабураб мехалъ гьелъие далил бачун жидеца абулеб буго: «Нижеда нижер умумул ратана гьаб иш гьабулеллъун ва гьеб Аллагьас амру гьабун гьабулеб иш буго» - абун. Дуца гьезда абе МухIаммад, Аллагь вацIцIадав вуго мушриказ гьесда гIунтIизарулел мукъсанал сипатаздаса, гьес къабихIаб жо гьабеян амру гьабуларо. Нужеца, щибго лъайги гьечIого, Аллагьасда гIунтIизабун гьересияб хабар щай бицунеб! - абун**

**29. Дуца мушриказда абе МухIаммад: дир БетIергьан Аллагьас дида амру гьабун буго кинабго ишалъулъ ритIухъав вукIа абун. Киналго муъминзабаздаги амру гьабун буго жидеца как балеб мехалъ тIубанго Аллагьасде руссун, гьесие хIелун, мутIигIлъун рукIа абун, ва гьев Аллагьасе гIибадат бацIад гьабун хьваде абунги.**


Ибнукасирица абуна: нужедаги, я гьал мушрикал, нуж гуреб кинабго халкъалдаги Аллагьас амру гьабун буго цохIо Аллагьасе гьабе гIибадат абун ва гьеб гIибадатги битIун гьабе абун: нужехъе дин босун рачIарал расулаз малъухъин, гьезда нахърилъун.

ТIадегIанав Аллагь жинда разияб, гьес къабул гьабулеблъун букIине ккани гьаб кIиго шартI буго гIибадат гьабиялъе: I. Купру-ширкалдаса бацIцIадаб букIин. 2. ШаргIалъул нухда рекъон битIун букIин.

**ТIадегIанав Аллагьас нуж ракьалдаса рижараб гIадин гьебго ракьалде руссинарулел руго.** Нужер рижиналъул авалалда нуж щибго жо гьечIеллъун рукIана: магIишат, лъимал-хъизан, нужер ахирги гьеб букIине буго. Кинабго жоги гьанибго тун нуж ракьул чохьонир лъугьине руго. Цоги магIна гьабуна: иманалда вижарав чи ахир холеб мехалъ иманалда хола, купруялъе вижарав чи ахир холеб мехалъ купруялда хола абун.

**30. Нужедаса Аллагьас цо къокъа иманалда тIобитIана, цогияб къокъа жидерго къосин жидеда хIакълъараб буго.** Гьелъие сабаб буго: **Гьез ТIадегIанав Аллагьги живго тун щайтIаби ккун рукIин жидее гьудулзабилъун ва квербакъулел вализабилъун. Цинги гьезда ракIалдаги буго гьел ругин битIараб нухда ва хIакъаб диналда абун.**

**3I. Я Адамил лъимал! Нужеца берцинаб ва бацIадаб ретIел ретIе жамагIаталда гьоркьор как базе унеб яги кагIба рукъалда тIавап гьабизе унеб мехалъ.** Мушрикал кагIба рукъалда сверун ретIел тIаса бахъун тIавап гьабулел рукIиндал, гьез гьабулеб жо хIарамаб букIин бицун рещтIинабураб аят буго гьаб. **Аллагьас нужее кьураб хIалалаб, бацIадаб жоялдасаги кванай, гьеб квана-гьекъеялъулъ гIорхъолъан борчIараб хIал гьабун исрапчилъиги гьабуге. ХIакълъунго Аллагьасе гьесул ризкъи исрап гьабулел гIадамал рокьуларо.** ХIалалаб ва хIарамаб жоялъул гIорхъаби хвезарулел гIадамалги рокьуларо Аллагьасе.




Гьарун Рашид абулев халипаясул местер (врач) вукIана насранияб диналда вугеб, жив цIакъ лебалав тIиб гIелмуялъулъ (медицина). Гьав местерас цо гIалим чиясда абуна:

«гIелму абулеб жо кIиго батIияб буго. цо буго динияб гIелму, цоги буго дунялалъул ва чурхдузул гIелму. Нужер Къуръаналда жаниб тIиб гIелмуялдаса щибго жо батичIо дида»-абун.

ГIалимчияс гьесие жаваб гьабуна: «Къуръаналда жаниб тIиб гIелму буго. Гьебги цо аяталъул башалъиялда жаниб бакIарун буго»-абун.

Цинги жинца аят цIалана: Нужеца тIагIам кванай, гьекъолел жалги гьекъе ва амма исрап гьабуге-абун.

**32. Дуца абе МухIаммад, щив чи вугев Аллагьас хIалалаблъун гьабун жиндир лагъзадерие кьураб берцинаб, лъикIаб жо ва гьунинал, лазатал нигIматал жинца хIарам гьабулев? Дуца абе МухIаммад, гьаб дунялалда бугеб берцинаб ва лъикIаб ретIелги, гьуинал лазатал тIагIамалги муъминзабазе ругел руго. Ва амма ахираталда алжаналъул нигIматал цохIо муъминзабазе гурони рукIунаро. Гьадин дица дир хIукмаби баян гьарула ва шаргIиял нухалги загьир гьарула Аллагьасул хIукмабазул ва хIикматазул пикру гьабулел ва жидеда гьел ричIчIунел гIадамазе.**

**33. Дуца абе МухIаммад, дир БетIергьан Аллагьас хIарам гьабун буго кинабго къабихIаб жо, загьирго гьабизеги ва балъго гьабизеги.** Зина, цIогь, чи чIвай, бугьтан лъей, мехтизарулеб, гIакъло инабулеб жо хIалтIизаби. **Гьединго Аллагьас хIарам гьабун буго жиндирго напсалъе зарал бугеб ва гIадамазе зарал бугеб гIасилъи, тущманлъи гьабизеги, щибго шаргIияб гIила гьечIеб мехалъ. Аллагьас щибго хIужа-гIилаги рещтIинабун гьечIого гьесдехъун ширк гьабиги хIарам гьабуна. Аллагьасул хIакъалъулъ жидеда лъалареб жо бицинеги хIарам гьабуна.**


**34. Аллагьасул аварагзаби гьереси гьарурал, Аллагьасда иман лъечIел киналго умматазе жал гьалаг гьариялъе цIараб гIуж буго. Цинги гьеб цIараб заман жидеда тIаде щвараб мехалъ гьел гьалаг гьари цохIо сагIаталъ нахъбахъуларо, гьеб заман щвелелде цере ккун хвезеги гьаруларо.**

**35. Я Адамил лъимал! Нужехъе дир аварагзаби рачIараб мехалъ нужеда диналъул ахIкамал малъулел ва дир аятал цIалулел, гьеб мехалъ Аллагьасдаса хIинкъун, аварагзабада нахърилъулъун дие тIагIат гIибадат гьабурал, дидехун гIасилъи тун лъикIаб гIамалги гьабурал, - гьал гIадамазе ахираталда шибго хIинкъи ва пащманлъи букIине гьечIо.**

**36. Гьеб мехалъ дир аварагзаби гьереси гьарурал ва дир шаргIалда нахъги рилълъинчIел гIадамазе жужахIалъул гIазаб букIине буго. Гьал гIадамал жужахIалъул агьло буго ва даимго гьенир жанир рукIунелги руго.**

**37. Щивха вукIинев жиндир зулму кIудияв чи жинца Аллагьаде гIунтIизабун гьереси бицунесдаса ва гьесул аяталги гьереси гьарулесдаса? Гьал гIадамазе дунялалъул рокъор рукIадго жиндее Аллагьас хъвараб ризкъи щвезе буго. Цинги гьезул ажал лъугьун жидер рухIал росизе дир малаикзаби тIаде лъугьараб мехалъ гьезда абула: «кир ругел нужер алагьзаби, жидеца квербакъи гьабулел, ахIи бай гьезда нуж хвасар гьаризе» - абун. Цинги гьел гIадамаца жаваб гьабула: гьел алагьзаби нижедаса рикIкIалъун руго, гьанже нижер щибго божи ва хьул**

**гьечIо гьез кумек гьабиялда - абун. Гьеб рухI бахъилелде цебе гьез напсазе нугIлъи гьабула гьел капурзаби ва мушрикал рукIиналъе.**




**38.** Къиямасеб къо бачIун махIшаралда рахъинаридал **ТIадегIанав Аллагьас гьаб къавмалда абула: нуж жужахIалда жанир лъугьа нужеда церехун рукIарал ва нужеца гьабураб гIадаб купру-ширк гьабурал гIадамалгун цадахъ: ГIадамал рукIаниги, женал рукIаниги цохIо гIазаб буго нуж киназего. Гьаб жужахIалда жаниб цIияб уммат лъугьанщинахъе жидеца гьенир жанир ратарал къавмазе лагIнат кьола:** нужеца гьабуралда релъгьараб гIамал гьабун ккана ниж гьаб жужахIалда жанир абун. **Цинги киналго къокъаби жужахIалда жанир лъугьинарун тIубараб мехалъ, цереккун рукIарал умматаздехун хадур рачIараз абула: Я нижер бетIергьан! гьал гIадамал руго ниж къосизарурал. Гьазие дуца нижее гьабулелдаса кIиго нухалъ цIикIкIараб гIазаб гьабе –абун. ТIадегIанав Аллагьас абула: «Нужер щибаб къокъа буго жидее кIиго нухалъ цIикIкIун гIазаб гьабизе мустахIикъаб» - абун. Амма гьел гIадамазда лъалеб гьечIо кигIан гучаб гIазаб жидее букIине бугеб.**

**39. Ццерехун рукIарал умматаз хадур рачIаразда абула: «Нужее шибго тIокIлъи гьечIо нижедаса, нилъ купру-ширкалъул башар руго ва гIазабги башад букIине мустахIикъаб буго. Гьанже нужеца чIаме жужахIалъул гIазаб нужеца дунялалда гьабураб гIамалалъе жазалъун букIун» - абун.**

**40. Жал баянал, жидедалъун аварагзаби рачIарал дир аятал гьереси гьарулел ва гьезда иман лъезе чIухIарал гIадамазул рухIазе зобал рагьуларо** ва гьел нахъруссинарун «сижиналда» ритIула. Гьаб буго капурзабазул рухIал унеб бакI. «ГIиллиюн» буго зобалазда бугеб муъминзабазул рухIал унеб бакI. **Гьал гIадамал алжаналдаги лъугьуларо рукIкIадул ролъгьеналъуса варани лъугьаниги. Гьадинаб жаза гьабула дица киналниги гIасиял, пасикъал гIадамазе.**

**4I. Гьал гIадамазе тIад регизе бугеб жо жужахIалъул босен буго ва тIаде бачунеб жоги цIадул юргъан буго. Гьадинаб гIазаб гьабула дица дида ва дир аварагзабада инкар ккурал киналго зулмучагIазе.**

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица жинда Аллагь разилъаяв Бараъ бину ГIазиб абулев асхIабасдасан хIадис бицана:


*«Ниж Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагун цадахъ цо Ансарияв АсхIабасул жаназа букъизе хабалазде ун рукIана… Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гIодов чIана ва гьесда сверухъ нижги чIана цIакъ сихI къотIун, ботIрода тIад хIинчI чIун бугеб гIадин, рагъарачари тун. Хирияв аварагасда кодоб цо гIучIги букIана жинца ракьалда тункулеб.*

*Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бетIер тIаде борхана ва гьес абуна: «Нужеца Аллагьасул цIаралдалъун гьаре нуж хабал гIазабалдаса цIунаги»-абун. кIиго я лъабго нухалъ абуна гьаб рагIи.* Гьаб халатаб хIадис буго, дица дагьаб жо хъван тана.

**42. Аллагьасда иман лъурал, аварагасда нахърилълъун лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамал, Дица цониги напсалда тIадги къаларо гьеб напсалъе гьабизе кIолеб жо гурони, дол Аллагьасда иман лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал руго алжаналда рукIунел. Даимго рукIинелъун лъугьизарула гьел алжаналда.**

**43. Алжаналъул агьлуялъул ракIал дица рацIцIад гьарула хIалхъублъи, хIасад, ццим бахъи гIадал квешал тIабигIатал нахъе рахъун. Гьел алжаналда жанисан батIи-батIиял нигIматазул гIоралги хьвадулел рукIуна: гьел жанир чIарал бакIазда гъокьан хьвадула гьел гIорал. Алжаналда жанир ругел муъминзабаца абула: Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго ниж**

**гьал алжаналъул нигIматазда тIоритIарав. Аллагьас тIоритIун рукIинчIел ани нижее гьаб алжан щвезе букIинчIо. Ва гьаб алжаналда щолеб нухги лъазе букIинчIо. Нижехъе Аллагьасул дин босун расулалги рачIана ва гьез хIакъаб дин малъун нижеда гьаб нух лъазабуна» - абун. Алжаналъул агьлуялда малаикзабацаги абула: гьаб буго дунялалда нужеца гьабураб лъикIаб гIамалалда данде Аллагьас нужее кьураб алжан абун.** алжаналда лъугьинари Аллагьасул цIоб рахIматалдалъун букIуна. Гьенир ругел даражаби гьезул гIамалазда релъдъун рукIуна.




**44. Цинги алжаналъул агьлуялъ жужахIалда ругезда ахIула: «ТIадегIанав Аллагьас дунялалда рукIадго нижее къотIи гьабураб жо нижее хIакъаблъун батана. Нужеда батанищха нужее къотIи гьабун букIараб гIазабги, гIодорегIанлъиги» - абун. ЖужахIалъул агьлуялъ жаваб гьабула «Батана» - абун. Цинги цо ахIулев чиясги ахIула гьаб кIиябго къокъаялда гьоркьоб бакIалдаса: Аллагьасул лагIнат буго кинавго жинца зулму гьабурав чиясе** абун. Аллагьасда инкар ккун рукIарал гIадамазе буго гьеб лагIнат**.**

**45. Жидеца Аллагьасул хIакъаб диналдаса гIадамал нахъчIвалел рукIарал ва гьетIараб, мекъаб нух тIалаб гьабулеблъун рукIарал, ва жидеца ахираталда инкар кколел рукIарал.**

**46. Алжаналдаги жужахIалдаги гьоркьоб цо сангар буго. Гьаб сангаралде тIадги гIадамал руго. Гьал гIадамазда гьурмазул сипатазда балагьун щивав чи лъала:** алжаналда унел гIадамал гьезда гьурмал хъахIаллъун рихьула, жужахIалда унел гьурмал чIегIераллъун рихьула. **Цинги алжаналда унел гIадамазда ралагьун гьез ахIула: «саламун гIалайкум!» -абун; алжаналде лъугьичIого рукIун гьал сангаралда тIад ругел гIадамал ва гьезул гьенир лъугьине хьулги букIун.**

**47. Жидер берал жужахI бугеб рахъалде руссиннарураб мехалъ ва гьенир ругезе гьабулеб гIазабги бихьараб мехалъ, жидеца абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца ниж гьаб залимаб, зулмуяб къавмгун цадахъ жужахIалда лъугьинаруге» - абун.**

ТIадегIанав Аллагьасул каламалъ тIоритIел гьабулеб буго гьаб сангаралда тIад ругел гIадамал кидаго алжаналдехун ралагьун рукIиналда: гьеб алжаналда хьул лъун, гьенир ругел гIадамазул берцинлъи бихьун. Цинги, гьал цо-цо мехалъ жужахIалдехун руссинарулел руго. Гьеб жужухIалъул сурукълъиги, гьенир ругел гIадамазул къабихIлъиги бихьараб мехалъ жидеца хехго бер нахъе буссинабулеб буго ва Аллагьасда гьарулебги буго ниж гьеб къавмгун цадахъ гьаруге БетIергьан Аллагь абун.


**48. Сангаралда тIад ругез жужахIалда жанир ругел цо гIадамазда ахIула: жидеда гьел лъалел дунялалда капурзабазул церехъаби рукIиналдалъун. Гьез абула: нужее щибго кумек гьабун гьечIо гуришц нужеца данде бакIарараб боцIиялъ ва нужер дунялалда букIараб чIухIа-къулиялъги абун.**

**49. Цинги алжаналъул агьлоялдехун руссун, гьезул рахIаталда ва берцинлъиялда балагьун сангаралда тIад ругез жужахIалда ругездехун гьезул ракI бекизабун абула: гьале гьал муъминзаби руго нуж гьедарулел рукIарал гьезие Алласул рахIмат букIине гьечIин абун. Цинги алжаналда ругездахун руссунги абуна: «Нуж алжаналда жанир рукIа щибго нужее хIинкъи гьечIеллъун ва хадуб кинабгIаги пащманлъи - къварилъи гьечIого» - абун.**

**50. ЖужахIалда жаниса цо гIадамаз алжаналда ругезда ахIула: нижее цодагьаб лъин кье, яги цоги Аллагьас нужее кьураб нигIматаздаса щиб букIаниги жо кье.** Ниж цIакъ къечон, цIаялъ рухIун гьалаг гьарун руго абун. **Гьезие жаваб гьабун алжаналдаса ахIула: ТIадегIанав Аллагьас капурзабазе хIарам гьабун буго алжаналъул лъим ва цогидаб нигIмат - абун.**

Жинда Аллагъ разилъаяв ИбнугIабасица абуна: жужахIалда ккарал гIадамазда алжаналда ругел жидер гIагарал чагIазда ва гьудулзабилъун рукIаразда ахIула: «ниж рухIун, режун гьалаг лъун руго, нижеда тIаде лъимгIаги тIе!»-абун. Аллагъас изну кьола алжаналда ругезе гьел капуразе жаваб кьезе. Цинги гьез жаваб кьола: «Аллагъас жужахIалъул агьлоялъе хIарам гьабун буго алжаналъул лъим ва цогидал нигIматал» - абун.

**5I. Гьал гIадамал руго дунялалъул рокъор Аллагъасул дин махсараде кколел рукIарал ва дуниялалъул чIаголъиялъ гуккун ахират кIочон рукIарал. Дида жакъа гьал гIадамал кIочезе руго ва дун гьезда валагьизе гьечIо, гьал гIадамазда кIочон букIараб гIадин гьаб къиямасеб къо ва дида ццере хIисаб-мизан гьабизе чIейги. Гьединго гьез дир аятазда инкар ккун гьел гьереси гьарулел рукIана.**




**52. Дун гьаб Маккаялъул агьлоялда вачIана жиндилъ кинабго хIукму баян гьабураб Къуръангун. Дица гьеб иман лъурал гIадамал жинца тIоритIулеб ва гьезие рахIматлъунги бугеб битIараб хIукмулъунги гьабуна.**

**53. Аллагъасдаги аварагасдаги инкар ккурал, Къуръаналда нахъ рилълъунарел гIадамазе хутIараб жо гьечIого гьеб Къуръаналда бицараб гIазаб жидеда бачIин гуреб. Гьеб гIазаб бичIараб мехалъ, гьеб кIочон, бачIинаро абун рукIараз абула: нижехъе аварагзаби рачIун рукIана хIакъаб диналдалъун.** Амма нижеца гьел ритIухъ гьаричIо ва ниж гьезда нахърилълъинчIо. **Гьанже нижее шапагIат гьабулев чи вукIинарищ? Яги ниж цIидасан дунялалда реччалеланищ иман лъун лъикIаб гIамал гьабизе, цебе гьабураб гIадаб купру - ширк гьабичIого» - абун. Гьал руго жидерго напсал чIорого хъутIизарурал гIадамал ва гьаздаса рикIкIалъана гьез Аллагъасде ширк гьабулел рукIарал хъанчалги, алагьзабиги.**

**54. Жинца анлъго къоялда жаниб зобалги ракьалги рижарав Аллагъ вуго нужер БетIергьан.** ***Хадуб Жинца гIаршалда истиваъ гьабуна.*** **Жинца сордоялдалъун къо бахчизабулев вуго гьев Аллагъ: хехго жиб тIаде бачIун къоялъул канлъи тIагIинабула сордоялъ. Бакъги, моцIги, цIвабиги кинабго жо Аллагъасул хIал кIолъиялдалъун жиб квегъараб буго. Кинабго жо бижиги ва гьелъул тадбир гьабиги Аллагъасда кодоб буго; жинца кинабго гIалам хьихьулев Аллагъ цIакъ тIадегIанав, къадро кIудияв вуго.**

ТIадегIанав Аллагъасул бищунго загьирал ва кIудиял хIалкIолъиял рицун руго цохIо гьаб аяталда жинир.

«Зобал ракьал рижарал анлъго къоялда жанир». Гьеб анлъго къоги Аллагъ жинда хIажатаб жо гьечIо. Инсанасе хIисабги лъазе, гьабулеб жоялъул тадбирги ва тартибги (иргалъи) лъазе, гIедегIунгутIи баян гьабизе абуна гьаб рагIи.

***Жинца гIаршалда истиваъ гьабуна*** абураб рагIи буго жинда иман лъезе тIадаб, гьелъул куц рахъ, кин щиб цIехечIого тезе тIадабги. Жиндир къадро кIодолъиялда рекъараб хIалалъ гьабуна ТIадегIанав Аллагъас истиваъ. Гьадин абун бицине нилъеда лъалареб, жиб цоги жоялда релълъинлъизаби бегьулареб, жиб цоги жоялда ссверинабун, яги жиб гьечIо абун инкар кквезеги бегьулареб.

Жинда Аллагъ разилъаяв имам Маликица жинда гьаб рагIиялъул магIна гьикъараб мехалъ абуна:

«аль-истиваъ - гIараб мацIалда жиб лъалеб жо буго. Кин гьеб истиваъ Аллагъасе букIунеб абуни гьеб нилъеда бицине лъалареб буго (Аллагъасги аварагасги гьеб бицун гьечIелъул). Гьелда иман лъезе тIадаб буго (Аллагъасул калам бугелъул гьеб рагIи). Гьелдаса гьикъарди бидгIаяб жо буго (Нилъ жинда хIажат гьечIеб, хириял асхIабзаби гьикъардичIеб)» - абун. Гьаб истваалъе таъвил гьабулел гIалимзабиги руго.


Гьаб бахIсалъул лъикIго гIатIидаб бицен буго имам КъуртIубиясул тафсиразда. ГIараб мацI лъалев чияс гьенисан баян тIалаб гьабе.

**55. Нужеца БетIергьан Аллагьасде дугIа гьабе: гьесие хIелун, гIадамаздаса балъго, гьесдаса хIинкъун ругеб хIалалъ. Гьев БетIергьанасе жидеца гIорхъолъан араб жо гьабулел гIадамал рокьуларо.** Гьаракь борхун, ракIалда бачIараб щинаб жо гьарун дугIа гьабулел гIадамал Аллагьасе хIелулел ва гьесдаса хIинкъулел рукIунаро.

ДугIа гьабиялъул гIемерал суннатал ва адабалги руго: какие чурун вукIин, къиблаялда вуссун, кверал цере кквей. Аллагьгуреб жоялдаса ракI бацIада гьаби. ДугIа бай бихьуда ва гьелъул ахиралда хирияв аварагасда свалат салам битIи. ДугIа киналго муъминзабазе гIаммаб гьаби. Радакь вахъун, кIал беччалеб гIужалъ, рузман къоялъ дугIа гьаби ва цогидалги.

**56. Аварагзаби ритIун, битIараб динги малъун гIуцIцIун бугеб ракьалда тIад нужеца купру - ширкалдалъун пасалъи гьабуге. Аллагьасда гьарулеб мехалъ** нужеца гьаре **гьесул рахIматалда хьул лъун ва гьесул гIазабалдаса хIинкъун. ХIакълъунго Аллагьасул рахIмат лъикIал муъминзабада гIагарда буго.** Гьезда гьеб рахIмат швеялде щибго щаклъи гьечIо.

**57. Жиндир рахIмат лъун бугеб цIад балелда цере рохалил чапарзабилъун гьурал ритIулев Аллагь вуго нужер БетIергьан. Цинги жидеца лъим баччун гьел накIкIал бакIлъараб мехалъ дица гьеб накIкI цебе къотIун бачуна бакъвараб, къечараб, жинда тIад херги бижун гьечIеб ракьалде. Гьелда тIад цIадги базабула ва гьелдалъун хур-херги бижизабула. Гьаб бакъвараб ракьалда тIад хур-хер бижизабулеб гIадин, дица хварал гIадамал чIаго гьарун ракьул чохьониса тIаде рахъизарула. Гьаб мисал дица нужее бицулеб буго нужеца вагIза насихIат босизе бокьун.**




**58. ЛъикIаб, тамахаб, беэнаб ракь бугони гьениб бижунеб жоги лъикIаб, хIалухъин цIикIун кьолеб ва жиндир мунпагIат цIикIараб букIуна. КъвакIараб, цIамхIалаб, хIатI-гIадаб ракь бугони, гьелда тIад цIакъго дагьаб ва загIипаб гурони жо бижуларо. Жидеца шукро гьабулел ва иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе дица дир аятал ва шаргIиял хIукмаби гьадин баян гьарула.**

**59. ХIакълъунго НухI авараг витIана дица гьесул къавмалда. Гьев НухIица абуна: «Я дир къавм! Нужеца лъагълъи гьабе жив цогояв Аллагьасе. Нужее цоги Аллагьги гьечIо жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Нагагь нужеца ширк гьабун Аллагьасдехун щибго жо гIахьал гьабуни, дун хIинкъун вуго Аллагьас нужеда тIад, жиндир амру кIудияб къиямасеб къоялъ, жинца цIакъ унтизабулеб гIазаб биччала абун.**

**60. Гьесул къавмалъул церехъабаз абуна: «Нижеда мун вихьулев вуго, я НухI, хIакъаб нухдаса ватIалъун» - абун.** Ниж руго битIараб жоялда ругел гIадамал. Дуца ниж жинда ахIулеб жо буго къосин ва ахIмакълъи. Гьаб буго киналго умматазул церехъабазул хIал: жал дунялалъ гуккун рукIун, ханлъиялда, бечелъиялда, рахIат-лазаталда рукIун, гьезда ракIалде ккола гьал жидеца Аллагьасде ахIулел ва гьесие гIибадат гьабулел гIадамал ахIмакъзаби руго абун.

**6I. Цинги НухIица абуна: я дир къавм! Дун къосун гьечIо** дида кинаб гIаги ахIмакълъи, гIузруги гьечIо. **Дун вуго кинабго гIалам жинца хьихьулев БетIергьанасул расул.**

**62. Дица нужехъе щвезабулеб жоги буго дир БетIергьанас дида аманат гьабураб рисалат: нуж Аллагь цо гьавун, гIицIго гьесие гIибадат гьабиялда ахIи. Дица насихIатги гьабулеб буго нужее лъикIлъи бокьун. ТIадегIанав Аллагьас дида лъазабун буго нужеда лъалареб цо–цо берцинаб ва лъикIаб жо.**

Ибнукасирица абуна: киналго аварагзабазул сипат буго жал пасихIал, гIакъилал рукIин. ВагIза-насихIаталъул магIна гъваридал, хIеренал рукIин. Аллагъ лъалел, умматалда гурхIел бугел рукIин.

Жинда Аллагъасул салам лъеяв НухI аварагги гьадинав хIеренав, хIалимав, сабру кIудияв вукIана. Гьасул сабру кIодолъи гIеларищ азарго соналда гIагарун заманалъ къавм Аллагъасде ахIулев вукIинги, гьеб кинабго заманаялъ къавмалъул зулмо- къварилъи баччун вукIинги.

**63. Нужеца гIажаиблъи шай гьабулеб Аллагъас нужедаго гьоркьоса чиясда вахIю гьабуна абун ва гьев нужеда расуллъун витIана абун. Гьеб буго нужеда бугеб гурхIел-рахIмо ва лъикIлъи. Аллагъасда ахираталдаги иман лъечIони букIинесеб гIазабалдалъун нужее хIинкъи кьолев вуго гьев расул. Нуж Аллагъасдаса хIинкъун хьвадизе ва нужеда гьев гурхIизе сабаблъунги вуго.**


**64. НухI авараг гьереси гьавуна жиндир къавмалъ. Цинги дица гьевги ва иманлъун гьесда нахърилъаралги хвасар гьаруна гамаялда тIад рекIинарун. Дида инкар ккурал, дир аварагги аяталги гьереси гьарурал гIадамал гъанкъизаруна. ЦIакъ ракI беццаб, хIакъаб жо бихьулареб ва лъалареб къавм букIана гьев НухI аварагасул къавм.**

Адам аварагасда ва НухI аварагасда гьоркьоб анцIго къарно (век) букIана, гьеб кинабго заманаялъ гIадамал Аллагъасда иман лъурал рукIана. НухI аварагасда цеве Идрис авараг вукIана, амма гьав НухI авараг вуго халкъалда дин босун ритIарал аварагзабазул тIоцевесев. НухI авараг расуллъун витIиялъе сабаб букIана гьеб заманаялда ракьалда тIад ширк гьабизе байбихьун букIин.

**65. ГIадилазул къавмалдаги расуллъун витIана жидеда гьоркьоса бищунго къадро бугев чи Гьуд абун жинда цIар бугев.** Гьаб къавм буго яманалъул къавм. **Цинги гьав Гьуд аварагас жиндир къавмалда абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе цохIо Аллагъасе: Нужее гьечIо гьев Аллагъ гурев цоги щивго чи жиндие гIибадат гьабизе бегьулев. Нуж** Аллагъасдаса **хIинкъиларищ, ва** дир вагIза-насихIатги къабул гьабиларищ?» - абун.

**66. Къавмалдаса капурал гIадамазул церехъабаз Гьуд аварагасда абуна: «нижеда мун гIадаллъун вихьулев вуго. Дуца бицунеб жоялда балагьараб мехалъ мун гьереси бицунев чи вугин кколев вуго нижеда» - абун.**

**67. Гьудица абунв: «Я дир къавм! Дун гIадаллъун гьечIо, дида кинабгIаги гIакълу загIиплъи тIаде бачIун гьечIо. Кинабго гIалам хьихьулев Аллагъас нуж хIакъаб диналда ахIизе расуллъун витIун вуго дун.**




**68. Дица нужехъе щвезе гьабулеб жо буго дир БетIергьан Аллагъасул рисалат ва дунги вуго нужее лъикIаб жо малъулев, нуж дида божизе бегьулев ритIухъав чи» - абун.**

Замахшарияс абуна: Аллагъасул свалат салам лъеял аварагзабазда гьезул къавмаз гIабдалзаби ругин нужан абураб мехалъ, гьезда данде квешаб рагIи абичIого хIеренаб, хIалимаб рагIи бицин буго берцинаб адабги тIадегIанал тIабигIаталги гьезул рукIиналъул гIаламат. тIадегIанав Аллагъас лагъзадеридаги лъазабулеб буго ахIмакъал гIадамаздехун кинаб хитIаб гьабизе кколеб ва гьездаса бугеб зарал хIехьон сабру халат гьабизе кколеб хIалги.

**69. Нужеца щибго гIажаиблъи гьабуге нужер бетIергьан Аллагъас жиндир рисалат босун, иман лъечIого чIани ахираталда букIинеб бугеб гIазабалдалъун хIинкъи кьезе, нуждаго гьоркьоса чи витIана абун.** Гьесда нуж чIухIуге, гьесда дандеги рахъунге**. Нужеца ракIалде щвезабе, ва нужеда лъай нуж рукIин Аллагъас НухIил къавмги гьалаг гьабун, гьезул бакIалда ракьалда рижарал гIадамал.** Гьеб къавм гьалаг гьабураб гIадин нужги гьалаг гьарила Аллагъасде гIасилъани. **Аллагъас нужее кьун руго цIакъ къуватал, кутакал чурхдул. Гьеб Аллагъасул нигIматалъе щукру гьабун, гьеб гурелги цоги**

**гIемерал нигIматазе щукру гьабун, Аллагьасе мутIигIлъун хьвадани, нуж лъикIлъиялда кверщел батараллъун рукIина.**

**70 Къавмалъ Гьудида абуна: «Мун нижехъе вачIунищ вугев нижер умумуз жидее гIибадат гьабурал алагьазабиги жалго тун, цохIо Аллагьасе гIибадат гьабе абун нижеда амру гьабизе! Ниж дур амруялде мутIигIлъиларо. Мун авараг ватани ва дуца бицунеб жо битIараб батани, дуца жиндалъун хIинкъи кьолеб гIазабги бачун вачIа нижехъе» - абун.**


**7I. Аллагьасул салам лъеяв Гьудица абуна: «Гьеб нужер гIорхъолъан борчIараб куфру сабаблъун нужеда Аллагьасул ццим бахъин ва гIазаб бачIин хIакълъана. Нужеца дида данде къец (дагIба) гьабулебищ бугеб щибго мунпагIат, я зарал гьабизе кIоларел хъанчазул хабарги бицун. Гьел хъанчалги нужецаго ва нужер умумуз гьарурал, Аллагьасул рахъалъан гьез кумек гьабиялъе ва гьезие лагълъи гьабизе ккеялъе щибго хIужа-далил гьечIел жал руго. Гьанже нуж балагьун чIаха кинаб гIазабдай Аллагьас нужее гьабила абун. Дунги вуго гьеб гIазаб бачIиналде валагьун чIун» - абун.**

**72. Гьуд авараг ва гьевгун цадахъ рукIарал муъминзабиги дица хвасар гьаруна дир цIобрахIматалдалъун. Ва гьеб дир аятал гьереси гьарураб капураб къавмалъул дица ахир къотIизабуна, кьолболъанго гьезул рижиги бакъвазабуна. Гьеб къавм букIинчIо жидеца иман лъолеблъун.**

Аллагьасдаса гьел хIинкъичIо, жидер авараг гьереси гьавиги гьез течIо. Щибго нич ва хIинкъи гьечIого куфруялда ва гIамал кIодолъиялда чIана. ТIадегIанав Аллагьас гьезие гIазаб гьабизе битIана жиндилъ баракат гьечIеб, жинца наслу-тухум тIагIинабулеб гьури.

**73. Самудияздеги витIана дица авараглъун гьезулго къавмалъул чи СвалихI. СвалихIица жиндирго къавмалда абуна: «Я дир къавм, Нужеца цохIо Аллагьасе гьабе лагълъи. Нужее гьечIо цоги кинавгIаги Аллагь жиндие лагълъи гьабизе бегьулев ва жинца кумек гьабулев. ХIакълъунго Аллагьас нужее мугIжизат гьабун буго. Гьаб варани буго гьеб мугIжизат. Нужеца гьеб варани щибго зарал гьабичIого те Аллагьасул ракьалда тIад жиндие бокьараб бакIалда хьвадулеблъун ва бокьараб бакIалдаса хер кваналеблъунги.**

ТIабарияс абуна жиндир къавмалъ мугIжизат бихьизе гьабеян абидал Аллагьас кьуро хъвалхьинабун гьенисан къватIибе бачIана гьеб варани. Хадубги СвалихIица абуна: **Нужеца гьеб вараниялъе щибго къварилъи гьабуни, Аллагьас нужее жинца унтизе гьабулеб гIазаб гьабизе буго» - абун.**


الجزء الثامن سورة الأعراف
وَاذْكُرُوٓا۟ إِذْ جَعَلَكُمْ خُلَفَآءَ مِنۢ بَعْدِ عَادٍ وَبَوَّأَكُمْ
فِى ٱلْأَرْضِ تَتَّخِذُونَ مِن سُهُولِهَا قُصُورًا وَتَنْحِتُونَ
ٱلْجِبَالَ بُيُوتًا ۖ فَٱذْكُرُوٓا۟ ءَالَآءَ ٱللَّهِ وَلَا تَعْثَوْا۟ فِى
ٱلْأَرْضِ مُفْسِدِينَ ﴿٧٤﴾ قَالَ ٱلْمَلَأُ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟ مِن
قَوْمِهِۦ لِلَّذِينَ ٱسْتُضْعِفُوا۟ لِمَنْ ءَامَنَ مِنْهُمْ أَتَعْلَمُونَ
أَنَّ صَٰلِحًا مُّرْسَلٌ مِّن رَّبِّهِۦ ۚ قَالُوٓا۟ إِنَّا بِمَآ أُرْسِلَ بِهِۦ
مُؤْمِنُونَ ﴿٧٥﴾ قَالَ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوٓا۟ إِنَّا بِٱلَّذِىٓ
ءَامَنتُم بِهِۦ كَٰفِرُونَ ﴿٧٦﴾ فَعَقَرُوا۟ ٱلنَّاقَةَ وَعَتَوْا۟ عَنْ
أَمْرِ رَبِّهِمْ وَقَالُوا۟ يَٰصَٰلِحُ ٱئْتِنَا بِمَا تَعِدُنَآ إِن كُنتَ
مِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٧٧﴾ فَأَخَذَتْهُمُ ٱلرَّجْفَةُ فَأَصْبَحُوا۟ فِى دَارِهِمْ
جَٰثِمِينَ ﴿٧٨﴾ فَتَوَلَّىٰ عَنْهُمْ وَقَالَ يَٰقَوْمِ لَقَدْ أَبْلَغْتُكُمْ
رِسَالَةَ رَبِّى وَنَصَحْتُ لَكُمْ وَلَٰكِن لَّا تُحِبُّونَ ٱلنَّٰصِحِينَ
﴿٧٩﴾ وَلُوطًا إِذْ قَالَ لِقَوْمِهِۦٓ أَتَأْتُونَ ٱلْفَٰحِشَةَ مَا سَبَقَكُم
بِهَا مِنْ أَحَدٍ مِّنَ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٨٠﴾ إِنَّكُمْ لَتَأْتُونَ ٱلرِّجَالَ
شَهْوَةً مِّن دُونِ ٱلنِّسَآءِ ۚ بَلْ أَنتُمْ قَوْمٌ مُّسْرِفُونَ ﴿٨١﴾
١٦٠

**74. Нужеца ракIалда чIезабе** вагIзалъун ва насихIатлъун **нуж «ГIадил» къавмги гьалаг гьабун, гьелдаса хадуб заманаялъ ракьалда тIад халипалъун гьарураблъи. Нуж ракьалда тIад парахат гьаруна, нужеего бокьухъин рорхатал кIалгIаби разеги риччана. МугIрул рорлъун гьенир жанирги нужеца рукъзал гьарулел руго нуж жанир чIезе. Аллагьасул рахъалъан нужее ругел гIемерал нигIматалги лъай нужеда ва гьезде щукруги гьабе. Нуж ракьалда тIад пасалъаби гьарун гIасиял, пасикъаллъун хьвадуге»** - абун.

**75. СвалихIил къавмалъул чIухIараб, гIамал кIудияб къокъаялъ абуна СвалихIида нахърилъльун иман лъурал муъминзабазда, гьел мискинал, загIипаллъун рихьун: «Нужеда лъалищха гьав СвалихI Аллагьас витIарав авараг вукIин?» – абун. Гьез абуна: «Лъала нижеда гьев авараг вукIин ва нижги гьев СвалихI жиндалъун вачIараб рисалаталда иман лъурал руго» – абун.**

**76. Доб чIухIараб, бечедаб къавмалъ абуна: «Нижеца инкар кколеб буго нужеца иман лъураб жоялда»** – абун.

**77. Цинги жидеца гьеб вараниги хъуна ва гьелги чIухIана Аллагьасул амруялда нахърилъльине. Хадуб жидецаги абуна: «Я СвалихI,** нижеца вараниги хъуна, Аллагьасдеги гIасилъана, м**ун унго-унгояв расул ватани, гьанже вачIаха дуца нижее хIинкъи кьолеб букIараб гIазабги бачун»** - абун.

**78. Гьал Самудиязда Аллагьас зодиса гучаб гьаракьги, гъоркьан ракь багъариги тIаде биччана ва жидер ракIал кьвагьун гьел руге-ругелъур гIодоре ротун хвана.**

**79. Гьезде щвараб гучаб гIазаб бихьидалго ракI къварилъун СвалихI гьездаса вуссана ва пащманлъиялда, хIасратлъиялде ккун жинца абуна: «Я дир къавм! Дица нужехъе дир БетIергьан Аллагьасул рисалатги щвезабуна, берцинаб насихIат гьабун нуж Аллагьасул диналдеги ахIана. Киниги нужее рокьулел рукIинчIо насихIатчагIи» - абун.** Гьездехун тущманлъи гьабулеб букIана. Гьанже дир насихIаталъ нужее мунпагIат гьабиларо»-абун.

Ибнукасирица абуна: СвалихIил къавмалъул варани букIана цо къоялъ кинабго лъим гьеб вараниялъе тезе къотIи гьабураб, цогидаб къоялъ къавмалъе букIана гьеб лъим. Вараниялъе лъим бугеб къоялъ жидеца гьеб варани бечIчIун киназего гьекъезе гIезегIанаб рахь щолаан. Гьадин дагьаб замана инелдего капураб къавмалда чIалгIана вараниялъе лъим тун, гьеб бечIчIун рахь гьекъон рукIине ва жидеца киналго гIадамалги рази гьарун ( СвалихIги гьесда иман лъурал дагьал чагIиги хутIизегIан) варани хъвезе хIукму гьабуна.

**80. ЛутI авараги витIана дица жиндир къавмалде. Гьев ЛутIица къавмалде абураб гIужги ракIалде щвезабе нужеца: «Нужеца цIакъго къабихIаб жо гьабулеб бугоха, нужедаса цебе гьаб кинабго гIаламалъул цониги къавмалъ гьабичIеб.** Гьеб къабихIаб пиша буго бихьинчи бихьинчиясде нахъехун лъугьин, чIужугIаданалдаса гIадин лазат босизе.


**8I. Нуж Аллагьас шагьват тIубазе рижарал руччабиги жалго тун, гьеб иш гьабизе бихьиназда аскIоре лъугьунел руго. Гьеб къабихIаб пиша гьаби гуребги, нуж руго кинабго рахъалъан гIорхъолъан араб квешлъи гьабулеб къавм** ва нужее щибго жоялъул ничги гьечIо, нужер куфруялъе ахирги гьечIо.

Гьев ЛутI вуго Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул вац Гьаранил вас

Жинца иман лъун Ибрагьим авараггун цадахъ ЛутI Шамалъул ракьалде вачIун вукIана.. Гьениб бугеб Садум абулеб ракьалда авараглъун витIун гьеб къавм Аллагьасул диналда ахIулев вукIана. Гьеб къавм цIакъ чорокаб къавм букIана, цогидал къавмаз гьаруларел гIадал кIудиял мунагьал ва инжитал пишаби жидеца гьарулелги рукIана.

Гьав ЛутI аварагасул амру-нагью босиччIеб мехалъ ва жидеца ракьалда гьарулел пасалъаби гIорхъолъан араб мехалъ, Аллагьас гьезда тIад гIазаб рещтIинабуна. ЦохIо ЛутIил хъизан гурони иман лъурал рукIинчIо ва гьеб хъизаналдаса ЛутIил чIужуги капурай йикIана.

ЛутI аварагасухъе гьобол вачIараб мехалъ гьеб хабар балъго квешаб къавмалде щвезабулаан гьей чIужуялъ. ЛутIил къавмалъ гьабулеб букIараб пишаялда ливатI абула. Гьаб буго бихьиназул бугониги руччабазул бугониги, нахъияб рахъалда жимагI гьаби.




**82. ЛутI аварагасул насихIаталъе гьесул къавмалъ лъикIаб жоялдалъун жаваб гьабичIо. Гьеб къавмалъ абуна: «Гьав ЛутIги гьасда божаралги жидер росулъан къватIире къотIе! Нижеда гьел рихьулел руго нилъеца гьабулеб жоялдаса рацIцIадаллъун» - абун.** Нилъеца гьабулеб пиша гьез къабихIаблъун рикIкIунеб буго. Гьел гIадамал нилъеда гьоркьор бегьуларо.

**83. Цинги ЛутIил къавмалда тIад гIазаб рещтIинабураб мехалъ дица ЛутIги гьесда иман лъураб агьлуги гIазабалдаса хвасар гьабуна. Гьесул чIужу гьайичIо гIазабалдаса йорчIизе.** Гьей жиделе гIазаб щваразда гьоркьой йикIана.

**84. Дица гьеб къавмалда тIад жужахIалъул рухIарал ганчIазул цIад базабуна. Мун валагье, дуца пикру гьабе, я гьаб Къуръаналде гIенеккарав чи, кинаб ахир ккараб гьаб гIасияб, пасикъаб, къабихIаб къавмалъул.** Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса бицараб хIадисалда буго: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*нужеда ЛутIил къавмалъул гIамал гьабулел цо гIадамал ратараб мехалъ нужеца пагIилги* (жинца гьабулев*) ва магIулги*(жинда гьабулев) *кIиявго чIвай – абун*.

Цоги гIалимзабаца абуна ливатIалъулги зинаялъулги цого хIукму бугин: гIолилазда нусго тIил кьабила, мухIсинал чIимих речIчIун чIвала абун.

Жиндир чIужуялда нахъияб рахъалда жимагI гьаби кIудияб мунагь буго, гьеб гьабулев чиясдаса чIужу ятIа гьайизе ккола.

**85. Мадяналъул къавмалда жидерго чи ШугIайб витIана авараглъун. ШугIайбица абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагъалъи гьабе цохIо Аллагьасе. Нужее цоги Аллагь гьечIо гьав жив цогояв** Халикълъун ва Разикълъун вугев **Аллагь гурони. Гьесул рахъалъан нужее баянал хIужабиги рачIун руго дун ритIухъав авараг вукIиналъе нугIлъи гьабулел. Нужеца къалиги цIезабе, цIадироги битIун хIалтIизабе ва гIадамазе хиянат гьабун гьезул боцIи кваназе нухал ралагьуге. Гьаб ракьалда тIад Аллагьасул шаргIиял нухал рицунел аварагзаби рачIун хадур, гьел нухал хвезарун пасалъаби гьаруге. Гьаб дица малъулеб жо нужее лъикIаб буго нужер дунялалъе ва ахираталъе. Нуж иман лъурал гIадамаллъун ратани, гьаб дир насихIат къабул гьабе ва Аллагьасде гIасилъи те» - абун.**


**86. Ва нуж гIодор чIоге киналго гIадамал хьвадулел нухазда, Аллагьасда иман лъурал, ШугIайб аварагасде тIаде унел гIадамал нахъчIвазелъун ва гьезие чIваялдалъун хIинкъи кьезеги. Аллагьасул битIараб нух гьетIараб, мекъаблъунги гьабуге. Нужеца ракIалде щвезабе дагьал, загIипал рукIарал нуж Аллагьас кин гIемерал ва къуваталлъун гьарураблъи. Ва нужеца пикруги гьабе нужеда церехун рукIарал, жидеца ракьалда тIад зулму-пасалъи гьабун хьвадарал къавмазул ахир кинабдай букIана абун.**

**87. Нужедаса цо къокъа дун авараг вукIиналда ва дун жиндалъун вачIараб Аллагь цо гьавулеб диналда иман лъурал ругони, цогидаб къокъа жидеца иман лъечIеб бугони, нуж кIиязго сабру гьабе Аллагьасул цо хIукму загьирлъизегIан ва жинца нилъеда гьоркьоб хIакъаб хIукмуги гьабизегIан. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жидеца хIукму гьабулезул**

**бищунго гIадилав ва лъикIав вуго.** Аллагьасул свалат салам лъеяв ШугIайб аварагасда абула «аварагзабазул хатIиб» - абун, гьесул мацI пасихIаб букIиналъ ва вагIза берцинаб, рекIелъе бортулеб букIиналъги.

Гьаб аяталда жаниб цIакъ тамахго бицун ва амма кутакалда рекIелъе унеб хIалалъ бичIчIизабулеб буго Аллагьас хIукму гьабизе букIин ритIараздаги мекъаздаги гьоркьоб ва мекъал чагIи щал ругелали гьабсагIатго лъалеб букIинги. ХIакъаб жо щиб бугебали жинда мухIканго лъалеб букIаниги, жинда данде ругезда гурхIел гьабун, гьезда хъачIаб рагIи абичIого «Аллагьас нилъеда гьоркьоб хIукму гьабизегIан сабру гьабеян»– абулеб буго.

Гьаб буго пасихIлъиялъул ва гIакъиллъиялъул цо мисал.


الجزء التاسع — سورة الأعراف — الجزء ٩ الربع ٣

* قَالَ ٱلْمَلَأُ ٱلَّذِينَ ٱسْتَكْبَرُوا۟ مِن قَوْمِهِۦ لَنُخْرِجَنَّكَ يَٰشُعَيْبُ
وَٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مَعَكَ مِن قَرْيَتِنَآ أَوْ لَتَعُودُنَّ فِى مِلَّتِنَا ۚ قَالَ أَوَلَوْ
كُنَّا كَٰرِهِينَ ﴿٨٨﴾ قَدِ ٱفْتَرَيْنَا عَلَى ٱللَّهِ كَذِبًا إِنْ عُدْنَا فِى مِلَّتِكُم بَعْدَ
إِذْ نَجَّىٰنَا ٱللَّهُ مِنْهَا ۚ وَمَا يَكُونُ لَنَآ أَن نَّعُودَ فِيهَآ إِلَّآ أَن يَشَآءَ
ٱللَّهُ رَبُّنَا ۚ وَسِعَ رَبُّنَا كُلَّ شَىْءٍ عِلْمًا ۗ عَلَى ٱللَّهِ تَوَكَّلْنَا ۚ رَبَّنَا ٱفْتَحْ
بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِٱلْحَقِّ وَأَنتَ خَيْرُ ٱلْفَٰتِحِينَ ﴿٨٩﴾ وَقَالَ ٱلْمَلَأُ
ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَوْمِهِۦ لَئِنِ ٱتَّبَعْتُمْ شُعَيْبًا إِنَّكُمْ إِذًا لَّخَٰسِرُونَ
﴿٩٠﴾ فَأَخَذَتْهُمُ ٱلرَّجْفَةُ فَأَصْبَحُوا۟ فِى دَارِهِمْ جَٰثِمِينَ ﴿٩١﴾ ٱلَّذِينَ
كَذَّبُوا۟ شُعَيْبًا كَأَن لَّمْ يَغْنَوْا۟ فِيهَا ۚ ٱلَّذِينَ كَذَّبُوا۟ شُعَيْبًا كَانُوا۟
هُمُ ٱلْخَٰسِرِينَ ﴿٩٢﴾ فَتَوَلَّىٰ عَنْهُمْ وَقَالَ يَٰقَوْمِ لَقَدْ أَبْلَغْتُكُمْ
رِسَٰلَٰتِ رَبِّى وَنَصَحْتُ لَكُمْ ۖ فَكَيْفَ ءَاسَىٰ عَلَىٰ قَوْمٍ
كَٰفِرِينَ ﴿٩٣﴾ وَمَآ أَرْسَلْنَا فِى قَرْيَةٍ مِّن نَّبِىٍّ إِلَّآ أَخَذْنَآ أَهْلَهَا
بِٱلْبَأْسَآءِ وَٱلضَّرَّآءِ لَعَلَّهُمْ يَضَّرَّعُونَ ﴿٩٤﴾ ثُمَّ بَدَّلْنَا
مَكَانَ ٱلسَّيِّئَةِ ٱلْحَسَنَةَ حَتَّىٰ عَفَوا۟ وَّقَالُوا۟ قَدْ مَسَّ ءَابَآءَنَا
ٱلضَّرَّآءُ وَٱلسَّرَّآءُ فَأَخَذْنَٰهُم بَغْتَةً وَهُمْ لَا يَشْعُرُونَ ﴿٩٥﴾

١٦٢

**88. Аллагьасда иман лъезе ва аварагасда нахърилълъине чIухIараб къавмалъул церехъабаз абуна: «Я ШугIайб! Нижеца мунги, дуда иман лъурал гIадамалги гьаб нижер росулъан къватIире къотIизе руго, яги нуж гьеб цIияб динги тун нижер диналде руссине руго»** - абун. Гьезие жаваб гьабун ШугIайбица абуна: «**Нижее бокьун гьечIонигиищ нужеца ниж ватIаналдаса къватIире къотIулел ва нужер диналдаги руссинарилел?**

**89. Аллагьас битIараб нухалда ва битIараб диналда тIоритIун хадуб гьеб динги тун нужер диналде ниж руссани, ниж Аллагьасул рахъалъан цIакъ кIудияб гьереси бицарал гIадамал рукIуна. Ниж гьеб батIулаб диналде руссунаро ва гьеб иш гьабизе ниж разилъуларо, Аллагьасул хIукму-къадар букIун гьесие ниж гIодорегIан гьаризе бокьани гурони. Нижер бетIергьан Аллагь жиндир гIелму-лъай кинабго жоялда гIатIилъарав, сверун лъугьарав вуго. Гьев Аллагьасда буго нижер таваккал тIамиги. Я нижер бетIергьан Аллагь, нижедаги гьаб нижер къавмалдаги гьоркьоб дуца хIукму гьабе хIакъаб, битIараб, жиндилъ зулму гьечIеб хIукму гьабиялъ. Мун вуго Аллагь жидеца хIукму гьабулезул бищунго лъикIав» - абун.**

**90. Цинги гьесул къавмалъул церехъабаз гьеб къавмалда хитIаб гьабун абуна: нуж гьав ШугIайбида иман лъун гьесда нахърилълъани нуж цIакъ чIорого хутIарал рукIине ругоха абун.**

**9I. Аллагьас гьеб къавмалде тIад гIазаб биччана: гучаб ракь багъариялъ гьалаг гьарун, жидерго рукъзабахъ хун гIодоре ккараллъун лъугьана.**


**92. Жидеца ШугIайб авараг гьереси гьавулел рукIарал гIадамал жал чIагого рукIинчIел гIадин тIагIун ана. Жидеца ШугIайб авараг гьереси гьавулел рукIарал гIадамал руголъана хIакъикъаталдаги жал чIорого хутIараллъун.** Гьез абухъин Аллагьасда иман лъун ШугIайбида нахърилълъарал муъминзаби рукIинчIо чIорого хутIарал.

**93. Цинги ШугIайб гьеб къавмалдасан вуссана ва жинца абуна: «Я дир къавм! ХIакълъунго дица нужехъе щвезабуна дир бетIергьан Аллагьасул рисалат ва дун нужеда гурхIун гIемер насихIат гьабулевги вукIана. Гьанже кинха дун пащманлъилев Аллагьасда инкар ккураб къавмалъе гьес гIазаб гьабунин» - абун.** Аллагьасул свалат салам лъеяв ШугIайб аварагасул къавмалъе гьабураб гIазаб батIи-батIияб бицун буго. Гьеб кинабго данде бачиндал гьелъул хIасил буго жидее гIазаб гьабулеб къоялъ гьезда тIаде бецIаб накIкI бачIун гьел бецIлъукье ккезаруна. Гьеб накIкIгун цадахъ цIадул карачелалги кутакаб бухIиги букIана. Цинги зодисан кутакаб гьаракь бахъана ва гъоркь ракьги кIобокIана. Гьезул рухIалги росун ана, чурхдулги ротун ана, чIагого рукIинчIел гIадин цохIо лахIзаталъ авалавги ахиравги чи тIагIана.

**94. Щибаб росдал агьлуялда дица авараг витIиндал ва жидеца гьевги гьереси гьавидал, дица гьел гIадамазда тIаде цо-цо къварилъи биччана: унти, ракъи ва цогидабги,** гьел гIадамаз иман лъезе бокьун **ва Аллагьасде мукIурлъун, гьесие гIибадат гьабизе бокьунги.**

**95. Цинги гьеб къварилъи тIаса босун гьелъул бакIалда сахлъиги бечелъиги кьолеб букIана, гьел сахлъун, гIемерлъун жидеда тIад букIараб къварилъи кIочон лъугьинегIан. Гьеб мехалъ жидеца абулаан: «Гьаб нилъеде щвараб гIадаб ракъи-къеч ва унта-щокълъи нилъер умумуздаги щвараб жо буго, гьаб буго дунялалъул гIадатияб жо, Аллагьасул рахъалъан бугеб гIазаб гьечIо»** – абун. Гьаб хабарги бицун гьел гIадамал жидерго куфру-ширкалда тIад чIолел рукIана ва Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялда, ахираталда иман лъеялде рачIунел рукIинчIо.

Гьаб каламалъул хIасил буго: ТIадегIанав Аллагьас гIадамазул хIалбихьи гьабун, жидеца тавбу гьабизе бокьун гьезда тIаде къварилъаби риччала. Тавбу гьабичIого гIассилъиялда чIараб мехалъ, къварилъиялъул бакIалда бечелъи, сахлъи кьун, жидее бокьухъин яшав гьабизе тола, гьел нигIматал жидее кьурав Аллагь вукIин лъан, гьесие щукру гьабизе бокьун. НигIматазда щукруги гьабичIеб мехалъ, мунагьаздаса тавбуги гьабичIеб мехалъ гьезда тIаде гIазаб биччай гуреб цоги сабаб букIунаро. Гьедин бугелъул Аллагьас абулеб буго: **Цинги дица гьеб агьлу тохлъукьего тIаде гIазаб биччан гьалаг гьарула ва жидеде гьеб гIазаб бачIина абун ракIалдаги букIунаро.** Иман лъун гьечIелъул, гьел гъапуллъун рукIуна.




**96. Гьал гIадамаз ва цогидал къавмаз иман лъун букIарабани ва Аллагьасдаса хIинкъун гIибадатги гьабун букIарабани,** дица гьезда тIаде гIазаб биччалароан. **Дица зобалазул ва ракьазул рагьаби рагьун гьезие гIемерал ва батIи-батIиял нигIматал кьелаан ва рахIатаб, хIалхьияб яшав гьабизе телаан. Киниги жидеца Аллагьасда иман лъечIелъул ва авараргабиги гьереси гьаридал, дица гьел къавмазде гIазаб биччана гьез гьабулеб букIараб гIасилъиялъе ва куфру-ширкалъе жазалъун.**

**97. Дица гьалаг гьарурал росабазул гIадамал божунищ рукIарал жидеда тIаде Аллагьасул гIазаб бачIинаро абун къаси гьел кьижун ругеб мехалъ?**

**98. Яги гьел гIадамал божунищ рукIарал жидеде гIазаб бачIинаро абун къад къоялъ, жал лъимал-хъизангун рекIелгъеялда ругеб мехалъ?**

**99. Гьал гIадамал Аллагьасул нигIматаз гуккунищха рукIарал,** кидаго жал сах-саламат, рахIат-лазаталда рукIине руго абун ракIалде ккун, **гьедин рукIадго жидеда тIаде гIазабги бачIун. Гьедин Аллагьасул нигIматазул макруялъ гуккун рукIунаро дунял-ахираталда жал чIорого хутIулел гIадамал гурони.** ГIакълуги лъайги бугел гIадамал гуро гьел. Гьел руго хIайваназул даражаялда ругел, кваналеб жо щвани, цоги щибго жоялъул пикру гьабуларел гIадамал.

**I00. Гьал къавмалги гьалаг гьарун гьаз тIад яшав гьабун букIараб ракьалде рачIарал гIадамазда щибго жо бичIчIуларищ? Гьел гIадамаз пикру кин гьабулареб ТIадегIанав Аллагьасе бокьани, гьезул мунагьал сабаблъун гьелги пасат гьарулеблъи. Капураб, пасикъаб къавмалъул ракIазда дица мугьру чIван букIуна ва гьезда кинабгIаги вагIза рагIунаро ва жидеца гьеб къабулги гьабуларо.**

**I0I. Дица дуда жидер къиса бицарал росабазул къавмал руго МухIаммад, гьал церехун рехсарал. Аллагьасул хIакъаб динги босун, баянал хIужабигун ва мугIжизаталгун рачIана гьезухъе авараргаби. Амма гьел къавмаз иман лъечIо ва жидерго куфру-ширкалда чIана:** авараргаби рачIинелде ццебе жидеца гьабулеб букIараб гIамал течIо. **Гьедин щулияб мугьру чIвала тIадегIанав Аллагьас жидеца иман лъезе гьечIеб капуравб къавмалъул ракIазда.** Гьезие вагIза-насихIаталъ асар гьабуларо, мугIжизатаз гьел хIинкъизеги гьаруларо, гьезул ахир руссунеб бакIги

жужахI букIуна. Нуж хIинкъа, я гьал аятал ргIулел гIадамал гьадин ракIазда мугьру чIвараздасан рукIине ва вагIза босун, тавбу гьабун Аллагьасе гIибадат гьабе!


**I02. Дида гьал капурал къавмазул гIемерисел жидеца гьабураб къотIи хвезабулел, кьураб ргIиги кколарел ратана. Дида гьал къавмазул гIемерисел ратана гIасиял, пасикъаллъун.**

**I03. Гьал цере рицарал аварагзабаздаса хадув дица ГIимранил вас Муса витIана дир баянал хIужабигун ва гIемерал мугIжизаталгун пиргIавнил къавмалда ва гьезул церехъабазда.** Мисриялъул (Египет) ханзабазда пиргIавн абулеб букIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагасул заманаялъ вукIарав хан цIакъго къосарав, залимав хан вукIана, хIатта жив вуго Аллагь абун кIалъалев. Аллагьас гьесие кьураб цо-цо гьунарги букIана. Капурчиясе кIудиял гьунарал кьей Аллагьас умматалъул хIалбихьи гьабизе гьабулеб жо букIуна.

**Гьев пиргIавнги гьесул къавмги Масада нахърилъинчIо ва дир аяталги гьереси гьаруна.** ГIамал кIодолъи ва хIалхъублъи цIикIкIараб къавм букIиналъ щибго жоялде гIенеккизе ва балагьизе къасдго гьабичIо.

**Мун валагьеха ва дуца пикру гьабеха, я гьав инсан, кинаб ахир букIараб абун гьеб залимаб къавмалъул.** Балагьун Муса аваргун ва гьесде иман лъурал муъминзабигун, пиргIавнги гьесул боялги ралъдалъе лъугьизаруна цинги ралъад тIаде биччан гъанкъизаруна.

**I04. Муса аварагас абуна: «Я пиргIавн, дун вуго кинабго гIалам жинца хьихьулев бетIергьан Аллагьасул расул, дудеги дур къавмалдеги витIарав.**




**I05. Дида тIадаб буго дица БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бицунеб жо хIакъаб букIин.** Ай дица гьереси бицине бегьуларо. **Нужехъе дун вачIун вуго бетIергьан Аллагьасул рахъалъан дун авараг вукIиналде тIоритIел гьабулел баянал хIужабигун. Нужеца бануисраилал риччан те дунгун цадахъ Байтулмукъаддас бугеб ракьалде ине,** гьеб бугелъул нижер умумузул ватIан.

«Ал БахIру» абулеб тапсиралда абуна гьел бануисраилал жидер кIудияв эмен ЯгIкъубил ватIанги тун Мисриялде иналъе сабаблъун букIана гьав ЯгIкъубил лъимал Мисриялда вукIарав Юсуп аварагасухъе рачIин. Гьенир гIумру гьабизе чIун, лъимал-хъизанал гьарун гьел гIемерлъун рукIана. Гьав пиргIавн ханлъиялде вачIараб мехалъ гьес киналго бануисраилал лагъзаллъун гьаруна ва гьезие къварилъи гьабулеб букIана. Иншааллагь, Муса аварагасул халатаб къиса бицунеб бакIалда гьаб хабар баян гьабила.

**I06. ПиргIавница абуна: «Мун авараг вукIиналде тIоритIел гьабулел гIалаиаталгун вачIун ватани ва дуца бицунеб жоги битIараб батани, гьеб гIаламат нижеда бихьизабеха» – абун.**

**I07. Цинги Муса аварагас жиндир гIанса гIодобе рехана ва гьеб кIудияб борохьлъун сверун ракьалда хьвадизе лъугьана.**

**I08. Цинги жиндир лъорониб лъун гьенисан къватIибе квер бахъана ва гьеб балагьарал гIадамазда хъахIаб, гвангъараб нур гIадин бихьана.**

**I09. ПиргIавнил къавмалъул церехъабаз абуна: «Гьав чи вуго цIакъ кIудияв сихIручи**

**II0. Гьав Мусае бокьун буго нужер ватIан Мисриялдаса нуж къватIир рахъинаризе. Щиб жо гьабун лъикIдай букIинеб гьав Мусае ва гьасул сихIруялъе?**

**III. ПиргIавнил гIакълучIагIаца абуна: «Гьав Мусаги гьесул вац Гьарунги цо дагьаб заманалъ те жидее хIукму гьабичIого ва киналго шагьаразда гIадамал данде ахIулел чагIи ритIе.**

**II2. Гьел шагьараздаса духъе рачIа абе кинавго жинда сихIру гьабизе лъалев чи.**

**II3. Шагьараздаса ва росабалъан ракIарун пиргIавнихъе сихIручагIи рачIараб мехалъ, гьез абуна: «нижее сайгъат ва шапакъат букIине бугищ ниж гьав Мусадаса сихIру гьабун бергьани?» – абун.**

**II4. ПиргIавница абуна: «Нужее шапакъатал рукIине руго ва нуж дица диде гIагарде гьаризе руго» - абун.** Дир гIакълучагIилъун гьарун, кумекчагIилъун гьарун**.**

**II5. Цинги сихIручагIаца Мусаде абуна: «Дуца тIасабище дуцайищ байбихьилеб сихIру гьабизе дур гIанса рехун, яги нижецайищ байбихьилеб нижер гIунсби гIодоре рехун» – абун.**

**II6. Муса аварагас абуна нужеца рехеян абун. Цинги гьез гIунсби гIодоре рехана ва жидеца гIадамал хIинкъизаруна кIудияб сихIруги гьабун.** Жидеда кодор рукIарал кварал ва гIунсби гIодоре рехараб мехалъ гIадамазда гьел борхьал руго абун ракIалде ккана ва хIинкъун нахъе - нахъе къана.


Замахшарияс абуна: сихIручагIаца Муса ихтияр гьабизе виччай гьезул рахъалъан бугеб адаб букIана, цо бахIс гьабизе гIадамал данделъараб мехалъ цоцазул хъатир гьабун: жеха нужее бокьараб жо абе, ниж гьелда рази рукIинаян абулеб гIадин.

**II7. Дица дир авараг Мусада вахIю гьабуна дуца дур гIанса гIодобе рехеян абун. Мусаца гIанса гIодобе рехана ва гьеб цо-цо ккун дол гьересиял борхьал къулчIизе лъугьана**.

**II8. Гьадин Аллагьасул мугIжизат хIакъаб букIин загьирлъана ва батIулаб сихIруги ва сихIручагIазул пишаги гIадада ккана.**

**II9. Гьаб данделъиялда пиргIавнги гьесул кумекчагIиги ва гьесда нахърилълъарал къана ва гьел гIодорегIанлъун нахъруссана.**

**I20. Цинги киналго сихIручагIи сужда гьабун гIодор ккана.** Аллагьасул свалат салам лъеяв Мусаца гьабураб жо сихIро гуреблъи лъана гьезда. СихIру букIарабани дол жидеца гIодоре рехарал гIунсбиги кваралги Мусал гIансаялъ кванан ракьалдаса тIагIунароан.




**I2I. Жидецаги абуна: «Нижеца иман лъуна гьаб кинабго гIалам жинца хьихьулев бетIергьан Аллагьасда.**

**I22. Гьав Муса ва Гьарун аварагасул бетIергьан Аллагьасда» - абун.** Гьал сихIручагIи радалалдаса къалъизегIан капурал гIадамал рукIана, къалъаралдаса хадур муъминзаби лъугьана, къасилелде гьел шагьидзабилъун хванаян абуна Къатадат абулев гIалимас. Ай пиргIавница гьел гIазаб гьабун хвезаруна.

**I23. ПиргIавница абуна: «Нужеца гьав Мусада иманищ лъолеб,** дидаги гьикъичIого, **дир изнуги тIалаб гьабичIого? ХIакълъунго гьеб жо буго нужги Мусаги цоцалъ рекъон гьабураб макру-хIилла. Нужее бокьун буго гьаб Мисриялъул агьлуги гьанисан къватIибе бахъинабун гьаб ракь бануисраилазе кьезе» - абун. Нужеда нахъа лъазе буго кинаб гIазаб дица нужее гьабулеблъи!**

**I24. БичасхIаги, дица нужер кверал ва хIатIал къотIила цояб квегIаб, цояб кваранаб, цинги дица нуж гъутIбузда рала ва хвезегIан гьенир тела.**

**I25. СихIручагIаца абуна:** нижее кIвар гьечIо гьанже дуца щиб жо гьабуниги. **Ниж кин хунги хвезе руго ва нижер руссин бетIергьан Аллагьасде буго.** Аллагьасе гIоло хвел нижее цIакъго лъикIаб жо буго.

**I26. Дуца нижее гIазаб гьабизехъин буго ва нижедаса ццимги босулеб буго хIакъал Аллагьасул аятал рихьараб мехалъ нижеца гьезда иман лъунин абун. Я нижер бетIергьан Аллагь! Дуца нижее сабру кье ва ниж дуда иман лъураллъун дур аварагасда нахърилълъараллъун хвезеги гьаре!**

**I27. ПиргIавнил къавмалъул церехъабаз абуна: «Я пиргIавн! Дуца гьав Мусаги гьасул къавмги нилъер ракьалда тIад пасалъи гьабизе тезейищ ругел? Жидеца мунги дур аллагьзабиги**

**жалго тун, гьезул динги тун, цоги батIияб диналде халкъ ахIулел руго гьел». Гьаб рагIи гьез абуна пиргIавнил ццим бахъинабизе ва гьес абуна: «Дица бануисраилазул бихьинлъимал чIвала, цереги чIвалел рукIараб хIалалъ ва гьезул ясалги чIаго тела нилъее гъарабашаллъун рукIине. Нилъ бануисраилазда тIад ханлъи ва кверщел бугел руго» – абун.**


**I28. Муса аварагас жиндир къавмалда абуна: нужеца сабру гьабе ва Аллагьасдаса квербакъи тIалаб гьабе. Гьаб ракь Аллагьасул мулк буго ва гьес жиндие бокьарав чиясе ирсалъе кьола.** ПиргIавн гьечIо гьаб ракьалъул бетIергьан ва гьесухъ гьечIо ихтиярги. **Ахир-къадги Аллагьасда аскIоб лъикIаб бакI гьесдаса хIинкъарал муъминзабазе букIине буго.**

**I29. Бануисраилаз Мусада абуна: «нижее пиргIавница ва гьесул къавмалъ къварилъи гьабулеб букIана мун авараглъун вачIинегIан цебеккун, гьанже мун вачIун хадубги буго нижее къварилъи гьабулеб.** Гьаб гIазаб ва къварилъи кидаго нижеда тIад буго ва нижее гьелдасан хвасарлъиги бихьулеб гьечIо.

**Муса аварагас абуна: «дир хьул буго бетIергьан Аллагьас гьев нужер тущман пиргIавн гьалаг гьавилин ва нуж гьаб ракьалда халипалъунги гьарилин. Цинги бетIергьан Аллагь валагьизе вуго нужеца щиб гIамалдай гьабулаян.** Аллагьасул нигIматазда щукру гьабун, гьесие тIагIат гьабунищ хьвадулел, яги нужерго квешаб тIабигIаталда тIадищ руссунел»-абун.

ТIадегIанав Аллагьас Муса аварагасул хьул хIакъаблъун гьабуна ва пиргIавнги гъанкъизавун Мисриялъул ракь бануисраилазул ихтияралде ккезабуна.

**I30. Цинги Дица пиргIавнил агьлуги къавмги ракъи тIаде биччан къварид гьаруна: пихъал, хурзал ракъвазарун, цIад къотIизабун. Гьадинаб къварилъи бачIараб мехалъгIаги жидеца пикру гьабилародай ва вагIза босилародай абун.** ЗахIмалъи, къварилъи бугелъул инсанасул ракI тIерен гьабулеб ва гьесда Аллагьги ахиратги ракIалда щвезе гьабулеб жо. Ва амма пиргIавнги гьесул къавмги капураб букIана ва гьеб къварилъи бихьидал жегиги жидер къосин ва тIури цIикIкIана.




**I3I. Жидее лъикIлъи бачIараб мехалъ гьеб къавмалъ абуна гьаб нижее букIине рекъараб, ниж гьелъие мустахIикъал рукIун бачIараб лъикIлъи буго абун. Цинги цо къварилъи жидеда щвараб мехалъ гьез абулеб буго: «Гьаб буго Мусал ва гьевгун цадахъ ругезул баркат гьечIолъи» – абун. Гьаб къавмалде щвараб лъикIабги квешабги жо цохIо Аллагьасул хIукму - къадаралдалъун буго,** амма **гьаб капураб къавм жидеда гьеб жо бичIчIуларел ва лъаларел руго.**

**I32. ПиргIавнил къавмалъ Муса аварагасда абуна: «Мун кинаб мугIжизатгун вачIаниги нижее сихIру гьабизе абун, нижеца дуде иман лъезе гьечIо ва дуда нахърилъльине гьечIо» - абун.**

**I33. Цинги дица гьаб къосараб къавмалда тIад батIи-батIиял балагьал риччана, Муса аварагасе мугIжизатлъун ва гьезие гIазаблъун. Жинца хур-хер гьалаг гьабулеб тIупан биччана (кутакаб цIад). Жидер хур-ах кваназе, гIалхудасан херги тIагIинабизе гарцIги биччана. ГIадамазда нацI базабуна.** Цоги гIалимзабаца абуна рокъоб букIараб тIощалида нацI базабуна – абун. **Къуркъбиги риччана.** Жидер рукъзал цIун, кванида жанир лъугьун, бусен-ретIелалда гьоркьоре лъугьун, рахIат хвезабуна. К**инабго лъим биялде сверизе гьабуна:** ицц букIа, лъар-гIор букIа, бидулкьераб лъугьун, гьекъезе кIолареб гьабуна. **Гьединал баянал аятал жидеда рихьаниги гьеб къавм иман лъезе чIухIана ва цIакъ мунагьал гIемер гьарулеб къавм букIана.**

**I34. Жидеда тIаде цо къварилъи бачIараб мехалъ гьеб къавмалъ абулеб букIана: «Я Муса! Дуца дур БетIергьанасда ахIи бай нижедаса гьаб къварилъи борхе абун, мун Аллагьас**

**аварагlъи кьун хира гьавун вугелъул. Нижеца мунгун цадахъ бануисраилал нахъе риччала ва гьезие гьабулеб хIакъирлъиги тела»** - абун.

**I35. Цинги дица гьеб къавмалдаса къварилъи инабураб мехалъ, гьезие кIудияб гIазаб гьаби** (гъанкъизари) **тIаде щвезегIан – гьеб къавмалъ иман лъезе гьабураб къотIи хвезабулеб букIана.**


**I36. Дица гьеб квешаб къавмалдаса цIим босана ва гьел ралъдалъ гъанкъизаруна, гьез дир хIакъал аятал гьереси гьари сабаблъун ва гьезул кIвар гьабичIого гIасилъаби гьарулел рукIиналдалъун.**

**I37. Гьаб пиргIавнил къавмалъ инжит гьарун лагълъиялда чIезарун рукIарал бануисраилазе дица гьеб ракь ирсалъе кьуна:** машрикъ – магърибалда щвезегIан Мисриялъул ва Шамалъул ракь гьезул ихтияралда гьабуна**. Дица жиндилъ баракат гьабураб ракь буго гьеб:** пихъал-хурзал гIемераб, гьава-бакъ рекъараб**. Гьадин Аллагьас гьабураб берцинаб къотIиги тIубана: бануисраилазе эркенлъи кьуна, жидеде щвараб къварилъиялде сабру гьабиялдалъун. Ва дица чIунтизабуна пиргIавница ва гьесул къавмалъ гIуцIараб ракь. Гьезул хъулби риххизаруна, ракьал ракъвазаруна ва ахалги пихъ кьоларел гьаруна.**

Цогиги кантIизе рекъараб жо буго: жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагасда Аллагьас амру гьабулеб буго Дуца гьаб Тавараталда бугеб жоялъул бищунго къвакIараб хIукму ккве абун. Гьаб буго Аллагьасдаса хIинкъарал, гьес жинде гIагар гьарурал гIадамазул макъам: аварагзабазул ва сиддикъиназул (иманалъулъ ритIухълъарал). КIиго шаргIияб хIукмуялдаса лъикIаб тIаса бищи буго лъикIал муъминзабазул макъам: Аллагь разилъи тIалаб гьабун жидеца гIибадат гьабулел, лъикIаб ахираталда ва Аллагь вихьиялда хьуллъун хьвадулел.

ШаргIиял хIукмабазулъ рухсаби кквей ва бигьаяб хIукму тIаса бищи буго Аллагьасулъ ракI парахалъичIеб, иман камиллъичIеб агьлуялъул гIамал.

Дунялалъул рукъоб жидеда бицараб мехалъ пуланав хIакимас хIалтIухъаби тIаса рищулел ругин лъикIаб махщел бугел ва гьезие гIемерго цIикIкIараб харжги кьолеб бугин абун, гьев хIакимасул хIалтIи гьабизе рес щвезе бокьун гIемер гIадамал къацандула щивас жиндир махщел цIикIкIараб букIин бихьизабизе бокьун. Ахираталде иман лъурав чиясдаги гьеб ахираталъул абадиял нигIматал ва тIадегIанал даражаби тIалаб гьабизе рекъараб буго, гьел даражаби щвей жиндир гIамалалда бараб бугелъул.




**I38. ПиргIавн ва гьесул къавм къибтIиял ралъдалъ гъанкъизарун Муса аварагас ва бануисраилаца ралъад бахана.** Гьанже Суэцкий канал бугеб бакIалда аскIоб бакI буго гьеб. Къулзум абун цIар бугеб ралъад бахана. **Ва гьел жидецаго гьарурал хъанчазе лагълъи гьабулеб цо къавмалда тIаде щвана. Гьеб иш бихьараб мехалъ бануисраилаз абуна: «Я Муса! Дуца нижееги гьаве цо алагь, гьал гIадамаца жидер алагьзабазе гьабулеб хIалалъ нижеца гьесие лагълъи гьабизе» – абун.** Муса аварагасул кIудиял мугIжизаталги рихьарал гIадамаз гьоркьоб заманго инчIого Аллагьасде гIасилъизе къасд гьабидал жинца абуна: **«Нуж Аллагьасул кIодолъи, гьесул къуват лъаларе къавм буго»- абун.**

**I39. Гьаб хъанчие лагълъи гьабулеб къавм буго жидеца гьабулеб лагълъи батIулаб, жидер гIамалги гIадада хвараб къавм.**

**I40. Жегиги Мусаца абуна: «Гьаб кинабго гIаламалдаса нуж хира гьарун ругев Аллагьги живго тун, цоги щив чи дица цIехелев нужее алагьлъун?» - абун.**

**I4I. Нужеца ракIалде щвезабе нужее цIакъ квешаб гIазаб гьабулел рукIарал пиргIавнил къавмалдаса нуж хвасар гьарураблъи. Нужер васалги хъолел рукIарал, ясалги гьарабашаллъун**

**гьарулел рукIарал. Гьаб жо Аллагьасул рахъалъан бугеб хIалбихьи букIана нужее ва кIудияб къварилъиги букIана.**


**I42. Дица Муса аварагасе къотIи гьабуна лъеберго сордо-къоялдалъун,** гьелдаса хадуб Муса аварагас дида дугIа гьабизе. **Хадуб анцIго сордо-къоги тIад лъун, кIикъого сордо-къолъун тIубана гьесие къотIи гьабураб заман.**

Замахшарияс абуна: мисриялда вукIадго Муса аварагас бануисраилазда абун букIана гьав пиргIавнил къавмалъул зулмуялдаса Аллагьас нилъ хвасар гьаруни, дун Аллагьасул рахъалъан тIехь босун вачIине вуго. Гьеб тIехьалда жаниб букIине буго нужеца гьабизе кколеб ва тезе кколеб кинабго жоялъул баян-абун. ПиргIавнги гьалаг гьавун бануисраилазги жинцаги ралъад бахун хадуб Муса аварагас Аллагьасда гьарана жиндихъе тIехь кье абун, гьаб къавмалда дур дин малъизе. Аллагьас гьесде амру гьабуна лъеберго къоялъ кIал ккве абун. Цинги Аллагьас амру гьабуна цоги анцIго къоялъ кIал ккве абун. Гьаб заман букIана ЗулкъагIида моцI ва анцIго къо ЗулхIижаялъулги. Бусурбабаз хIеж бухьунеб ва хIеж гьабулеб заман буго гьеб. Аллагьасул амру тIубан хадуб, Муса авараг Аллагьасда дугIа гьабизе ине мех щведалго, жиндир вац Гьарун тана къавмалда тIад амирлъун.

**Муса аварагас Гьарунида абуна: «Мун гьаб къавмалъул тадбир гьабулевлъун вукIа дун тIадвуссун вачIинегIан ва дуца гьезда лъикIаб жоги малъе, гьезда гьоркьоса квешаб, пасатаб жо гьабулеб къавмалда нахъвилъльунге мун»-** абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв Муса аварагас Гьарун аварагасе насихIат гьабиялъул магIна буго муъминзабазда бихьизаби кинаб адаб цоцазда гьоркьоб букIине кколеблъи ва гьитIинас кIудиясдаги, кIудияс гьитIинасдаги лъикIаб жоялдалъун насихIат гьабизе рекъараб букIин. Муса аварагас гьеб насихIат гьабичIониги, Гьарун авараг Аллагьасде гIасилъизе вукIинчIо. Аллагьас аварагзабилъун жидер мунагь кколарел, жинде мутIигIал, жидеда гIадамалги нахърилъльунел лъикIал чагIи гурони ритIуларо.

**I43. Цинги Муса авараг дица бихьизабураб гIужалъ,** жив вачIаян абураб ТIур мегIералда **вачIараб мехалъ, гьесда БетIергьанас каламги гьабураб мехалъ, Мусаца абуна: «Я дир БетIергьан! Дие дур зат-черх загьир гьабе дун дуда валагьизе ва дир ракI гIодобе буссине» – абун. Аллагьас абуна: «Дур хIалкIоларо дун вихьи хIехьезе.** Гьаб дунялалда дун вихьулеб макъамги гьечIо. **Кинигин мун гьаб кIудияб мегIералде валагье,** дица гьелъие дир заталдасан цо дагьаб жо загьир гьабизе буго. **Гьеб мегIер щибго хиси ккечIого хутIани гурони дуда кIоларо дун вихьизе» - абун. ТIадегIанав Алолагьас гьеб мегIералъе жиндир заталдасан цо бутIа загьир гьабураб мехалъ, къвакIараб чаранкьуро бихъ-бихъун гIодобе ана ва кIкIалал, нохъаби ва хъитIал ругеблъун лъугьана. Муса авараг лъавудаса ун гIодов ккана. Гьоркьоб замана ун лъавуде вачIарабго Муса авараг Аллагьасде хIел-хIедана ва гьес абуна: «Мун ВацIцIадав ва ТIадегIанав вуго БетIергьан Аллагь! Дица тавбу гьабуна** дир ргIиялдаса мун дида вихьизе бокьун абураб. **Дун дур гучаб хIалкIолъиялда ва дур заталъул тIадегIанлъиялда иман лъуразул авалав вуго» – абун.**




**I44. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Я Муса! Дица мун тIаса вищун вуго гьаб къавмалдаса дир рисалат гьезухъе щвезабизе. Дица мун тIокI гьавуна кинабго халкъалдасан дир калам дуда ргIизе гьабиялдалъун. Дуца дуе кьураб хиралъи ва кIодолъи босе ва мун вукIа жидеца щукру гьабулездаса» – абун**.

**I45. Дица Муса аварагсухъе кьурал Таврат тIад хъварал лавхIазда** (хъарщиялда) **кинабго жоялъул вагIза-насихIат хъвана ва киналниги хIукмабазул баянги хъвана. Цинги Мусадеги абуна: «Дуца гьаб Тавараталда тIубараб хIалалъ гIамал гьабе ва гьелъул хIукму щулаго ккун къавмалъухъе щвезабе. Гьездаги амру гьабе гьанир ругел хIукмабазул бищунго лъикIазда нахърилълъа абун.** Масала, къисас босиги тIаса лъугьун тейги кIиябго лъикIаб хIукму буго шаргIалда рекъараб бугелъул, амма тIаса лъугьин гIемер лъикIаб буго. Аллагьас тIад лъураб хIалалъ парз тIубалаго рухсаби (бигьалъаби) тIалаб гьабичIого тей лъикIаб буго. **Дица нужеда рихьизаризе руго Дида инкар ккун ракьалда тIад зулму гьабун хьвадараб пиргIавнил пасикъаб къавмалъул чIухIарал кIалгIаби ва кутакал минаби.**


**I46. Гьал дир аятаздаса мунпагIат босиялдаса дица нахъчIвазе руго жидеца ракьалда пасалъи гьабулел ва Аллагьасда иман лъезе чIухIун хьвадулеб халкъ. Цинги кигIан кIудиял мугIжизатал рихьаниги жидеца гьезда иман лъоларо. Жидеда хIакъаб, битIараб нух бихьулеб букIаниги, гьеб нухалъ хьвадизе жидеца къасдги гьабиларо:** жидер ракIал беццал ругелъул. **Квешаб, къосараб къавм жиндаса хьвадулеб нух бихьарабго гьеб нухдаса жалги хьвадула. Гьаб амру гьадин букIиналъе сабаб буго гьез дир аятал гьереси гьарулел рукIин ва гьезул пикру гьабун, битIараб нух гьеб букIин лъаялда гьел рачIунарого рукIин.** Аяталъул тафсиразул къокъаб хIасил буго: ТIадегIанав Аллагьасдаги, гьесул аварагзабаздаги тIахьаздаги инкар ккурал гIадамал Аллагьас гьеб инкар кквеялда жанир тола ва гьеб нухалъ хьвадун ахираталда жужахIалде жанире уна.

Гьаб аяталъул магIна гьечIо Аллагьас иман лъеялдаса гьел гIадамал нахъчIвала абураб. Гьеб магIна букIине дандеги кколаро. Аллагьас аварагзаби ритIиги, тIахьал рещтIинариги буго щивав чиясе жиндир ихтияралдалъун Аллагьасда иман лъезе ва аварагзабазда нахърилълъине рес букIин. Гьедин ихтияр гьечIебани аварагзаби ритIиги тIахьал рещтIинариги щибго жиндилъ мунпагIат гьечIеб, гIададисеб жо букIинаан. ТIадегIанав Аллагь вацIцIадав вуго жив гьединаб гIададисеб жо гьабулевлъун вукIиналдаса.

**I47. Жидеца дир аятал гьереси гьарулел ва ахираталда иманги лъаларел гIадамал руго жидер кинабго гIамал гIадада хварал. Ахираталда гьезие жазаги гьабилищха дунялалда гьабураб гIамалалда рекъараб гурони?**

**I48. Муса авараг Аллагьасда дугIа гьабизе ТIур магIарде араб мехалъ гьесул къавмалъ жалгун цадахъ букIараб курхьин-кIиликI биун, гьелъул бачил сурат гьабуна, жиндир бече ахIолеб гIадаб гьаракь бугеб.** Цинги гьеб бечеялъе лагълъи гьабизе лъугьана къавмалъул цо къокъа. ТIадегIанав Аллагьас гьезда гIайиб чIван абулеб буго**: гьал гIадамаз пикру гьабуларищ гьеб бече букIиналъул жиндилъ рухI гьечIеб, жиб кIалъалареб магIданалъул къаркъала. Гьелъ гьел щибго жоялдеги тIоритIуларо. Гьадин бугониги жидеца гьеб бече алагьлъун ккуна ва жидеего зулму гьабураллъун лъугьана.**

**I49.** Муса авараг тIадвуссун вачIараб мехалъ гьес бече цIидаса цIаялъ бухIун биун, гьородахъ щущан тIагIинабидал **ва жидеца гьабураб ширк цIакъ мекъаб жо букIин бичIчIиндал, гьел гIадамаз абуна: «Гьанже нижеда Аллагь гурхIичIони ва тIаса лъугьун нижер тавбу къабул гьабичIони, ниж ахираталъе чIорого хутIарал гIадамаллъун рукIинаха» – абун.**




**I50.** ТIадегIанав Аллагьас жеги ТIурсайнаъ магIарда вукIадго Мусада бицана жиндир къавмалъ гьабураб жо. **Цинги жиндир къавмалъухъе цIакъ ццим бахъун ва ракI къварилъун Муса авараг вачIараб мехалъ, жинца къавмалда абуна: «ЦIакъ квешаб иш гьабун бугоха нужеца дун аскIосан ватIалъарабго. Нуж БетIергьан Аллагьасул амру хехго тIубазе бокьунищха рукIарал?** Дун тIадвуссун вачIинегIан сабру гьабизе кIвечIищха нужеда**?» - абун. Цинги Муса аварагас жинда кодор рукIарал Таврат тIаде хъварал алвахIалги гIодор лъун (**гIодоре реххун**) жиндир вац Гьарунил ботIрол рас ккун гьев жиндехун цIана. Гьаруница** гьесул ракI гурхIулеб хIалалъ абуна**: «Я дир эбелалъул вас! Дида гьаниб щибго гIайиб гьечIо, Дун къавмалъ гIодовегIан гьавуна ва хIатта дун чIвазецин къасд гьабуна гьеб къавмалъ, дица жидеда гьеб ширк гьабуге абураб мехалъ. Гьанже дуцаги дун къварид гьавун, гьелдалъун гьал тущбабазул ракI боххизабуге ва дунги гьаб зулмуяб къавмалдаса вугин абун хIукму гьабуге» - абун.**

**I5I. Муса аварагас абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дир мунагьал чуре, Дир вац Гьарунилги мунагьал чуре** гьесдасан амру-нагью гьабиялъул тохлъи ккун батани. **Дуца ниж кIиявго дур рахIматалъулъеги лъугьинаре. ХIакълъунго мун цIакъ гурхIулев вуго ва дур гурхIел муъминзабазе даимав вуго» - абун.**

**I52. Жидеца бачие лагълъи гьабурал гIадамазде Аллагьасул ццим бахъин щвела ва гьел гIодорегIан гьарун хIакъирги гьарила гьаб дунялалъул рукъор рукIаго. Гьадинаб жаза гьабула дица киналниги жидеца ургъун цIияб дин бахъулел ва Аллагьасда ширк гьабулел гIадамазе.**

**I53. Жидеца кIудиял мунагьаздалъун квешаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамал, цинги жидеда Аллагьасул гIазаб щвелелде тавбу гьабун, иман лъун, лъикIаб гIамал гьабурал, - хIакълъунго дур БетIергьан Аллагь, я МухIаммад, гьеб тавбу гьабун хадуб жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго.**


Гьаб аяталъ Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда лъазабулеб буго кинаб кIудияб мунагь гьабун бугониги, гьев чияс тавбу гьабураб мехалъ Аллагьас гьев чи тIаса лъугьун толев вукIин. Лагъзадерил мунагьал кигIанго кIудиял ругониги, Аллагьасул гурхIел ва рахIмат гьездасан кIудияб буго. ЛъикIал чагIазул цояс абуна: «Лагъзадерил мунагьал кIодолъараб ва гIемерлъараб мехалъ Аллагьасул гурхIел-рахIму жегиги кIодолъула» – абун.

ТIадегIанав Аллагьасул цIоб лъикIал чагIазе гурони букIинчIебани, жидеца квешлъаби гьарурал лагъзал жидехъе кIанцIулев щив вукIинев?

**I54. Муса аварагасул ццим гIодобе буссараб мехалъ, Мусаца жинца гIодоре реххун рукIарал алвахIал кодоре росана. Гьезда тIад хъван букIана жиндир къавм хIакъаб нухалда тIоритIулеб насихIат ва гьеб къавмалда гурхIелги. Гьаб амру-нагью ва насихIат буголъана Аллагьасда иман лъун гьесдаса хIинкъулел гIадамазе.**

**I55. Цинги Муса аварагас лъабкъоялда анцIго чи тIаса вищана Аллагьас къотIи гьабураб ТIурсайнаъ магIарде живгун цадахъ рачине. Цинги Аллагьас гьел гIадамал гьалаг гьаруна зодиса гьаракь биччан, яги ракь багъарун хIинкъун, ракIал тIуркIун. Муса аварагас абуна: «Я дир бетIергьан Аллагь! Дуда кIолеб букIанаха гьалги дунги церего гьалаг гьаризе. Нижедаса цо ахIмакъаб къавмалъ гьабураб жо сабаблъун ниж киналго гьалаг гьаруге Аллагь. Гьаб кинабго жо буго дур рахъалъан нижее бугеб хIалбихьи. Дуца бокьарав чи къосизавула БетIергьан, бокьарав чи тIовитIула. Мун вуго нижер киналниги умуразул вали ва тадбир гьабулев. Мун нижеда гурхIа Аллагь ва дуца нижер мунагьалги чуре. Мун бищунго лъикIав вуго тIаса лъугьун, мунагьал чурун дур лагъзал тезе.**

**I56. Дуца нижее гьаб дунялалда лъикIлъи насиб гьабе БетIергьан, ахираталдаги нижее лъикIлъи насиб гьабе. Нижеца тавбу гьабуна ва ниж киналго мунагьал тун, гьел гьариялда ракI бухIун дуе гIибадат гьабиялде руссана Аллагь»** – абун Аллагьасул свалат. салам лъеяв Муса аварагас гьадинаб берцинаб хIели гьабидалго, гьесие жаваб гьабун Аллагьас абуна:




**Дир гIазаб дица щвезабила дие бокьарав чиясде. Амма дир рахIмат кинабниги жоялда гIаммлъараб ва гIемераб буго. Дица дир рахIмат ва мунагь чури тIадаблъун гьабула дидаса хIинкъун мунагьал тарал, жидеца закатги кьолел ва дир аятазда иманги лъолел гIадамазе.**

**I57. Дир рахIмат жидеда щолел гIадамал руго жинда цIали ва хъвай лъаларев гIарабияв МухIаммад ﷺ аварагасда нахърилъулъунел. Жидеда гьесул сипатал хъван ратулел Тавраталда ва Инжилалда. Жинца уммуталда лъикIаб жоялдалъун амру гьабулев, квешаб жо те абун нагьюги гьабулев. Кинабго лъикIабщинаб жо гьезие хIалал гьабулев, ва жинца гьезие кинабго квешаб жо хIарамги гьабулев. Жинца гьел умматаздаса гIодор лъолев (**тIаса рехулев**) захIматал, жидеда гудур бараб гIадин тIад хурхун рукIарал ахIкамал.**

**Гьав аварагасда жидеца иман лъурал гIадамал: жидеца гьевги кIодо гьавурал, гьесул диналъе кверги бакъарал. Гьев МухIаммад ﷺ аварагасде рещтIинабураб нуралда – Къуръаналда нахъги рилълъарал, гьеб хIакъаб диналдаги хьвадарал. Гьал гIадамал руго жидер дунял-ахираталъул лъикIлъиялда ва бахьибуголъиялда квершел батарал.**

**I58. Дуца гьаб умматалде хитIаб гьабун абе, МухIаммад ﷺ: Дун вуго кинабго халкъалде витIарав Аллагьасул (عز وجل) расул: киналниги зобал-ракьазул ханлъи жиндие бугев БетIергьанасул. Жив гурев цоги Аллагь гьечIев, жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев. Нужеца иман лъе, я гьал гIадамал, ТIадегIанав Аллагьасда ва гьесул расул МухIаммадидаги. Жинда цIали-хъвай лъаларев гьав МухIаммад аварагги, жинца Аллагьасде иман лъурав, гьесул Къуръаналдаги ва цогидал киналго тIахьаздаги иман лъурав. Нуж гьев аварагасда нахърилъулъун, гьесул суннат цIунун хьваде. Гьедин хьвадани нуж битIараб диналда тIоритIараллъун рукIина.** Ахираталда алжанал насибалги рукIина.

**I59. Муса аварагасул къавмалдаса цо уммат буго жал хIакъаб диналда хьвадулел,** Мусада ва Тавраталда иман лъурал, **ва жидеца гьеб диналда битIараб хIалалъ гIадамалги тIоритIулел.**

ТIадегIанав Аллагьас нилъеда лъазабулеб буго бусурбабазул амру гьадин букIине ккоблеблъи. Щибаб бакIалда жамагIат гIуцIун, гьезда тIад цо-цо амир тун, гьел амиразулги кIудияв амир гьавун киналго бусурбабазул гIаммаб шура букIине ккола ва цо амирул муъминин (киналго бусурбабазул амир) вукIине ккола.

Аллагьас гьал бусурбабазул хIал лъикIаб рахъалде сверизабеги ва гьес малъухъе исламияб ватIан гIуцIизе ва гьесул дин ракьалда букIинабизе квербакъиги гьабеги.

ТIадегIанав Аллагьас жиндир диналъе гIоло къеркьолел гIадамазе квербакъизе букIин хIакъаб жо буго, гьелда щибго щаклъиги гьечIо.


Ва амма Аллагьас квербакъизе ккани гьаб диналъул кIвар гьабулел, Аллагьасул дин ракьалда букIине гьабиялъе ургъулеб бусурбабазул цо къокъа букIине ккола. Киналго бусурбаби гIодор чIараб механалъ ва «ниж загIипал руго, дагьал руго, ярагъ гьечIо, къуват гьечIо»-абун жидеего гIузруги бачараб механалъ, гьел гIадамазе Аллагьас кин квер бакъилеб?

Гьаз гьабулеб сабабго гьечIелъул Аллагь гурхIизе, гьес жидее квербакъизе. Гьаб къавмалда тIад Алагьасул ццим бахъин рещтIин гIагарда буго, гьезие квербакъи бачIиналдаса.

==========

ГIумар асхIабасдаса (ра) хIадис бицана:

***Дида Бичасул расул ﷺ, жинца абулев ргIана: «Нужеца Аллагьу ТагIалаясда унго – унгояб, хIакъаб хIалалъ таваккал тIамулеб ани, нужее Аллагьас (عز وجل) ризкъи кьезе букIана хIанчIазе кьолеб гIадин: гьел хIанчIи радал ракъун тIаде рахъуна ва къасси гIорцIун жидерго бакIалда руссуна»-абун.*** Аллагьасде таваккалги тIамун гIодор чIун чIчIечIого ризкъи тIалаб гьабиялъе сабабал гьаризе ккей баян гьабулеб буго хIадисалъ.




**I60. Дица Муса аварагасул къавмалъул анцIила кIиго къокъа гьабуна.** Аллагьаул свалат салам лъеяв ЯгIкъуб аварагасул анцIила кIиго васасул щибаб батIияб къокъа гьабуна. Гьезие дунялалъул магIишат гьабиялъулъ бигьалъи букIине, щивазе жидер цевехъанги лъазе.

Муса аварагасеги бигьаяб букIине: цо амру тIаде бачIараб мехалъ гьал къокъабазул церехъаби данде ахIун гьезулгун мушавара гьабизе.

Цинги Муса аварагасул къавм къечон букIун: **гьез нижее лъим кьеян Аллагьасда гьареян абураб мехалъ, Аллагьас Масаде вахIю гьабуна дуца дур гIанса цо гамачIалда кьабе абун. Мусаца гамачIалда гIанса кьабуна ва гьелдаса анцIила кIиго батIияб ицц загьирлъун лъим чвахизе лъугьана. Щибаб къокъаялда жинца лъим гьекъезе кколеб ицци лъана. Цинги ргIад гьабизе гьезда тIаде накIкIги бачана. Жидее кваназе зодисан «манна ва салва» абураб квенги рещтIинабуна.** Манна букIана гIазохъахIаб цIорол гарал гIадин рещтIун бачIунеб цIакъ гьуинаб тIагIам. Салва букIана хIанчIазул гьан, тIагIам рекъезабун, гьуин гьабун бежараб. Гьаб кинабго жо буго Тигь абулеб бакIалда кIикъого соналъ бануисраилал сверулел ругеб заманалъ жиб букIараб.

Дица гьезда абуна: «**Нужеца кванае дица кьураб гьуинаб, лазатаб, бацIцIадаб ва хIалалаб ризкъи:** щибго нужеда бихьулеб гIакъуба- къварилъиги гьечIого»-абун. Гьадин чIорого нигIматалги кьун хьихьараб мехалъги гьел бануисраилал Аллагьасде капурлъана, Муса аварагасе мутIигIлъичIо.

Аллагьас абулеб буго: **гьаб гIасилъиялдалъун жидеца дие щибго зулму гьабичIо.** Дие кинабгIаги асар букIунаро кинабго махлукъат дида гIасилъаниги, яги мутIигIлъун ругониги.

**Гьеб къавмалъ жидерго напсазе гьабуна зулму**. Аллагьасул ццим бахъин ва жужахIалъул гIазаб жиделе щвеялъе сабаб гьабун.


**I6I.** Дуца умматалъе вагIзалъун букIине бице, МухIаммад: **Дица гьал ягьудиязул цересел къавмазда абураб гIуж: «Нуж Байтулмукъадасалъул ракьалда магIишат-яшав гьабун чIа. Гьенир ругел нигIматалги кванай, щибжо нужее бокьаниги, Аллагьасда мунагьал чуриги гьаре гьеб росулъе лъугьунеб мехалъ. Гьеб росдал рагьдухъан жанире Аллагьасе хIелун, бетIер гIодобе къулун лъугьа. Дица нужер мунагьал чуризе руго ва дун разилъи тIалаб гьабун, гIибадат бацIад гьабун хьвадарал гIадамазе ажруги гIемерго цIикIкIинабизе буго» - абун.**

**I62. Гьаб къавм Аллагьасул амруялде гIасилъана. Жидеде абеян абураб ргIиги цогиги ргIиялдалъун хисизабуна. Цинги дица гьезда тIаде зодисан гIазаб рещтIинабуна жидер зулму сабаблъун, кинабго заманаялъ, щибаб амруялъулъ гьез гIассилъи ва пасикълъи гьабулеб букIиналдалъун.** АбусагIидица абуна гьезде бачIараб гIазаб букIана вабаъ (къавуда) унти. ЦохIо сагIаталда жанир къолоункъазарго чи хванаян абун.

**I63. Дуца гьел ягьудиязда гьикъе, МухIаммад,** жидер цересел къавмазул хабар**. Цо ралъдал ргIалда букIараб росдал агьлуялъул хабар гьикъе. Аллагьасда жал гIасилъараб мехалъ ва жидее ччугIа кквезе хIарам гьабураб шамат къоялъ ччугIа кведал, кинаб гIазабдай Аллагьас**

**гьезие гьабуна абун. Гьел гIадамазул хIалбихьи гьабун Аллагьас шамат къоялъ цIакъ гIемераб ччугIа битIулаан, лъималда тIасан жал рихьулел. Цогидаб къоялъ гьедин гIемер ччугIа бачIунароан. Гьедин дица хIалбихьи гьабула гьеб къавмалъул** ва цогидалги къавмазул, **гьезул гIасилъи-пасикълъи сабаблъун.**

КъуртIубияс абуна: гьаб къисса буго Давуд аварагасул заманаялъ букIараб къавмалъул бицунеб. Иблисалъ амру гьабун гьеб къавмалъ рузман къоялъго ччугIа жаниб ккезе къорал гъун, гьинал ва сеткаби рехун толаан ва жидеца гьел къоразда жанибе ччугIа къотIулаан. ГьатIан къоялде щвезегIан гьениб жаниб хутIулаан ччугIа. Цинги жидеца гьеб нахъе босулеб букIана.




**I64.** Шамат къоялъ ччугIа кколел гIадамал гьеб хIарамаб жоялдаса нахъчIвалеб букIана цо къокъаялъ. **Цинги гьездехун цогидаб къукъаялъ абуна: «Нужеца вагIза щай гьабулеб Аллагьасда гIасияб, гьес жал гьалаг гьаризе ругеб къавмалъе, яги жедее квешаб гIазаб гьабизе бугеб къавмалъе!** Гьеб нужеца гьабулеб жо буго жиндилъ пайда гьечIеб, гIададисеб жо» - абун. **Гьеб къокъаялъ абуна: «Нижеца гьаб нагью гьабулеб буго Аллагьас нижеда тIад къараб жо тIубан: Аллагьасе бокьани гьесдаса хIинкъун гьеб квешаб къавмалъ вагIза босизеги бегьила» – абун.**

**I65.** Гьеб квешаб къавмалъ жидее гьабураб вагIза босичIеб мехалъ**, гьеб сан гьабичIого, кIочон тараб мехалъ, Дица гIазабалдаса хвасар гьабуна жидеца вагIза гьабулеб букIараб къавм ва дица гучаб, къуватаб гIазабалдалъун жаза гьабуна зулмуяб къавмалъе, дида гIасилъун, пасикълъун гьел хьвади сабаблъун.**

**I66. Жидеде гьабуге абураб жо гьез течIеб мехалъ ва цIакъго гIорхъолъан ун гIасилъараб мехалъ, дица гьезда абуна: «гьанже нуж гIодорегIанал маймалакаллъун рукIа» – абун**

**I67. Жегиги дуца умматалъе бице, МухIаммад, Дица гьал ягьудиязда тIаде риччала къиямасеб къо щвезегIан гьезие къварилъи гьабулел гIадамал абун Аллагьас лъазабураб гIуж.** Гьал ягьудиял ругелъул кидаго Аллагьасде гIасилъун хьвадулел, гьес хIарам гьабураб жо хIалал гьабизе ва хIалал гьабураб жо хIарам гьабизе хIилла ургъулел. Аллагьасул диналдаса гIадамал нахъчIвалел. Аллагьас гьезда тIаде Бухтунасар абулев мажусазул хан тIамуна ва гьес чанго азарчи чIвана ва асирги гьаруна. Хадуб насраниязги гьабуна гьезие къварилъи ва гьел асир гьарун жидеда тIад жизят (магъало) лъун букIана. Цинги Аллагьас свалат салам лъеяв МухIаммад авараг ва гьесул асхIабзаби риччана гьезда тIаде ва гьел ягьудиял гIарабиязул жазираталдаса (полуостров) къватIире гъуна.

**ХIакълъунго, МухIаммад, дур БетIергьан жинда гIасилъараб къавмалъе гIакъуба цIакъ хех гьабулев вуго. Ва муъминзабазул мунагьал чурулев, гьезда гурхIулев вуго.**

**I68. Дица гьел ягьудиял ракьалда тIад рикьизаруна, жидер ватIан гьечIеллъун ва батIи-батIиял къокъабилъун.** Гьаб заманаялъ гьез Израил пачалихъ гIуцIиги палестиназе кьолеб гIакъубаги Аллагь гъапуллъун бугеб жо гьечIо. Иншааллагь, гьеб Байтулмукъадас гьезда кодосан бусурбабаз бахъила, цебеги кIиго нухалъ бахъун букIараб гIадин.

**Гьел ягьудиязда дагьалго гIадамал руго жидеца Аллагьасде ва аварагасде иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел, амма гьезул гIемерисел куфру-ширкалда руго. Дица гьезул хIалбихьи гьабуна нигIматал кьунги, балагьал риччанги, жал гьеб куфру-ширкалдаса руссинародай абун.**


**I69. Цинги Аллагьас гьел ягьудиязул цоял лъикIал, цоял квешал рукIун хадуб цо къавм бижана, жиделъ щибго лъикIлъи гьечIел. жидер умумузухъан Таврат ирсалъе босарал ва гьебги бичун дунялалъул боцIи босулел,** ай дин бичун, диналъул цIаралда дунял тIалаб гьабулел**. Нижедаса Аллагь тIаса лъугьине вугоян абулел ва дунялалъул боцIи щвезе сабаб батарабго, гьеб жидеца**

**босулел,** гьелъул хIалаллъи, хIарамлъи хал гьабуларел**. Гьаб гIассияб къавмалдаса Таврат рещтIинабун къотIи босун букIана гурищ жидеца Аллагьасул рахъалъан хIакъаб жо гурони бицинчIого букIине. Таврат цIалун гьениб жаниб бугеб жоги гьез лъазабун букIана.**

Гьаб амру гьадин букIаго, жидеца Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бицунеб буго: жидеца хIарамаб боцIи кваналеб буго ва Аллагьас нижер мунагьал чуризе руго абунги абулеб буго.

**Абадияб ахираталъул рукъ ва алжаналъул нигIматал лъикIаб ажру буго Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамазе. Гьазда гьеб жо щай лъалареб ва гьелъул пикру кин гьабулареб?**

**I70. Аллагьасул диналъул умурал гьесул тIехьалда нахърилъльун тIуралел гIадамал, жидеца хIукъукъал тIуран какалги ралел, - дица лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазул ажру кидаго гIадада хвезабуларо** ва гьезие жидер гIамалалдаса лъикIаб жаза гьабула.




**I7I. Дуца рехсе, МухIаммад, дица ТIур мегIер ракьалдаса эхеде борхун, бануисраилазде тIад гьетIизгьабураблъи рукъалъул тIох гIадин,** яги накIкI гIадин. **Гьезда ракIалдеги ккана гьабсагIат гьеб мегIер жидеде тIад бортилин абун.** Гьеб букIана Муса аварагасде Таврат рещтIинабун хадуб, гьелда ругел хIукмабазда нахърилъльине бокьичIого бануисраилал чIараб заман. Цинги Аллагьас мегIер эхеде борхун жидеде тIаде гьетIизабидал гьел киналго суждаялде роргана ва Тавраталда нахърилъльине къотIи гьабуна. ТIадегIанав Аллагьас гьезда хитIаб гьабун абулеб буго:

Дица абуна: **Нужеца гьаб тIехь босе ва гьелда бугеб жоялда яхI бахъун, тIад чIун гIамалги гьабе. Гьелда жанир ругел хIукмабиги лъазарун гьезда нахърилъльа. Гьедин хьвадани, Аллагьасдаса хIинкъараздаса рукIина нуж – абун.**

**I72. Дур БетIергьан Аллагьас Адамил лъималаздаса къотIи босараб заманги рехсе, МухIаммад,** умматалъе вагIзалъун**. Адамил гьодидаса зурияталъул зараби росун, гьезда дун нужер БетIергьан вугищан гьикъун, жидерго напсалъе нугIлъи гьабизабуна. Гьел зарабаца абуна: «Вуго мун нижер БетIергьан» – абун. Гьеб нугIлъи гьабизабиялъе гIиллаги букIана къиямасеб къоялъ тIаде рахъинаридал гьел гIадамаз абичIого букIине нижеда гьеб къотIи боси лъалеб букIинчIо абун.** Гьаб аяталъе тапсир гьабун ИбнухатIибица абуна: ТIадегIанав Аллагьас «заррабазда нугIлъи гьабизабуна» абураб ргIи буго мисал бачин ва цо жо баян гьаби. ХIакъикъаталдаги гьел зарраби гьодиниса къватIире рахъинари тIадаб жо гьечIо.

Гьаб ргIиялъул магIна буго: ТIадегIанав Аллагьас халкъалъе хIужаби гьарун руго жив БетIергьан вукIиналда тIоритIел гьабулел. Жинца кинабго халкъ бижун ва гьелъул тадбир гьабун, гьеб хьихьулев вукIиналдаги тIоритIел гьабулел. Аллагь цо вукIиналда ва жиндие гIибадат гьабизе хIакъав вукIиналда тIоритIел гьабулел.

**I73. Яги гьел гIадамаз абичIого букIине: «Нижер умумуца ширк гьабуна нижедаса цебеккун. Ниж гьезда нахърилъльун рукIана. Гьездаса хадур рижана ниж ва гьез гьабулеб батараб гIамал гьабуна. Гьел умумуз батIулаб жо гьабунин абун нижее гIазаб кин гьабулеб» – абун.**


**I74. Гьадин дица лагъзадерие дир аяталги, шаргIиял хIукмабиги баян гьарула, гьел гIадамал куфру-ширкалдаса руссине бокьун.**

**I75. Гьел ягьудиязе дуца бице, МухIаммад, дица жиндие гIелму кьун букIарав цо гIалимчиясул хабар. Гьесда дир тIехьалдаса цо-цо аяталги лъазарун рукIарав. Цинги гьеб гIелмуги тун, иманалдаса вахъун куфруялде арав, жиндир хъалги гIодобе рехун борохь унеб гIадин. Цинги жинда хадуб лъугьун щайтIаналъ тIубанго къосинавурав.**

**I76. Дие бокьун букIарабани, гьев чи дица кьураб гIелмуялдалъун тIадегIанаб макъамалде вахинавилаан. Киннги гьев чи дунялалъул чIаголъиялде гьетIана,** гьелъул лазат-шагьват тIаса бищана, ахираталъул даимал нигIматаздаса. **Гьав чиясул мисал буго** жиндир гIодовегIанлъиялъулъ ва хIакъирлъиялъулъ **къватIул гьвеялъул мисал, дуца гьелдехун квешлъи гьабуниги лъикIлъи гьабуниги, жиб даимго къватIибе мацIги рехун гьекиялда букIунеб.** Гьавги сордо-къо лъачIого, Аллагьги гьесул динги кIочон, дунялалъул боцIуда хадув хъетулев вукIуна. **Гьаб буго дир аятал гьереси гьабулеб къавмалъул мисал. Дуца гьел гIадамазе къиссаби рице, МухIаммад, гьез пикру гьабизеги бегьула, иман лъеялде рачIинеги бегьула.**

**I77. Жидер мисал квешаб, гьездаса мисал босизе бегьулареб буго жидеца дир аятал гьереси гьарулеб ва жидерго напсазе зулму гьабулеб къавм.**

**I78. Аллагьас битIараб исламияб нухда тIовитIарав чи вуго жив витIун ккарав,** жиндие дунял - ахираталда бахьибуголъи бугев. **Аллагьас хIакъаб диналдаса къосинавун** жиндир гьава-напсалда, щайтIаналда нахъвилълъун хьвадулевлъун **тарав чи вуго жив кIиябго рокъов чIового хутIарав.**




**I79. Дица гIадамазул ва жундузул цIакъ гIемераб махлукъат бижана жужахIалде унеллъун** ва гьездлъун жужахI боркьулел. **Гьел руго жидее щибго жо бичIчIуларел ракIал ругел, жидее щибго жо бихьуларел беральги ругел, жидее щибго жо рагIуларел гIиналги ругел.** Ай жидеда бихьараб, рагIараб жоялъул щибго пикру гьабуларел, гьеб рекIелъе биччаларел. **Гьал гIадамал руго хIайваназул мисалалда ругел. Жегиги къосарал руго гьал.** ХIайваназда жидер бетIергьан лъала, гьазда жидер БетIергьан лъалев гьечIо**. Гьел руго жидер гьапуллъиялъулъ ругел гIадамал.**

**I80. ТIадегIанав Аллагьасул цIакъ берцинал цIарал руго. Нужеца дугIа гьабулеб мехалъ гьел Аллагьасул цIарал гьоркьор ккун, гьездалъун Аллагьасде гьарун гьабе дугIа. Нужеца Аллагьасул цIаразулъ жидеца гьереси бицунел мушрикал нужедаса рикIкIад гьаре. Гьел мушриказе ахираталде щведал гьабизе буго жидер гIамалалда рекъараб жаза.**

**I8I. Дица рижарал умматаздаса цо уммат буго жидеца Аллагьасул дин ккурал ва гьеб диналде гIадамалги ахIулел. Гьеб диналда рекъон гIамалги гьабулел, гьелда рекъон хIукмуги гьабулел.** Гьал руго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул умматалдаса муъминзаби.

**I82. Жидеца дунги дир аяталги гьереси гьарулел гIадамал дица куфру-ширкалда жанир халат гьарила ва жидедаго лъачIого цIакъ гучаб жужахIалъул гIазабалъе хIакъаллъун гьарила.**


**I83. Дица гьел нахърахъун тола гIазаб гьабичIого.** Цинги гIазаб гьабулеб мех щведалго гьезие гучаб гIазаб гьабула. **ХIакълъунго дир гIазаб цIакъ гучаб буго.**

**I84.** Маккаялъул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг жундуз ккун вугин абидал, гьезие жаваб гьабун Аллагьас абулеб буго: **Гьал мушриказ пикру кин гьабулареб Аллагьасул аятазул ва гьесул мугIжизатазул, цинги гьезда лъазе жидер авараг жундуз ккун гьечIеблъи. ХIакъаб гIазабалдалъун хIинкъи кьолев, жиндир авараглъи загьирав Аллагьасул расул вуго гьав МухIаммад.**

**I85. Гьал мушрикал зобал-ракьазде ралагьун, гьенир жанир ругел махлукъатазда ралагьун, гьез пикру щай гьабулареб ва гIибрат кин босулареб Аллагь цо вукIин лъазе. Гьел хвезе рукIиналъул ва гIагараб заманалъ хвезе бегьулин пикру кин гьабулареб? Гьаб хирияб Къуръаналдаги иман лъечIони, жидеца щиб жоялдаха иман лъелеб?**

**I86. Аллагьас къосараб нухда тарав чи тIовитIизе кIолев щивго вукIунаро. ТIадегIанав Аллагьас гьеб куфру-ширкалъул агьлу жидерго къосиналъулъ сверсведулел тола, жал хIайранлъун, жидеда хIакъаб нух батуларого.**

**I87.** Дуда гьел мушриказ гьикъулеб буго, МухIаммад, къиямасеб къо кида чIезе бугеб абун. **Дуца гьезда абе гьеб къиямасеб къо кида чIолеблъиялъул лъай буго дир БетIергьан Аллагьасда аскIоб. Къиямасеб къо чIезе бугеб заман цохIо Аллагьас гурони загьир гьабуларо. Зобал ракьазул агьлуялъе цIакъ бакIлъун буго къиямасеб къоялъул амру.** Киналго гьелдасан хIинкъун руго, гьелъул захIматал ахIвалал тIаде щвей бокьичIого руго. **Гьеб къо нужеде тIаде бачIунаро тохлъукьего гурони. Дуда мушриказ гьеб къоялъул хабар гьикъулеб буго, мун вугев гIадин дуда гьеб лъалев. Жегиги дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад, гьеб къиямасеб къоялъул гIелму Аллагьасда аскIоб буго. Киннигги гIемерисел гIадамазда лъаларо къиямасеб къо чIолеб заман балъго гьабиялъул хIикмат.** Муъминзабазе мунпагIат бугеб хIикмат буго гьезда лъалеб гьечIелъул кида гьеб къиямасеб къо чIолебали, жидеца Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIад чIей гьабула ва кидаго гьел хIадурун рукIуна Аллагьасул амру тIаде бачIиналде, жидерго гIадатияб хвелалъ хваниги, ахир къо тIаде щун хваниги.




**I88. Дуца абе МухIаммад, дирго напсалъе мунпагIат, яги зарал гьабизе кIоларо дида, Аллагьасе бокьун гурони. Дида гьаибал умурал лъалел рукIаралани:** къиямасеб къо кида чIолеб, дунго кида холев, **дица гIемераб лъикIлъи тIалаб гьабилаан ва диде бачIунеб къварилъиги нахъчIвалаан.** Диде щибго заралияб жоги щвезе букIинчIо. Киннигги Аллагьас хъвараб ва къадар гьабураб лъикIлъиниги квешлъиниги диде щола ва дида гьеб гьукъизеги кIоларо.

**Дун вуго гьаб дир къавмалдаса иман лъурал гIадамазе алжаналдалъун роххел бицунев ва иман лъечIезе Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъиги кьолев Бичасул расул.**

**I89. Гьев Аллагь вуго гьаб халкъалъул БетIергьан, жинца нуж киналго цохIо напсалдалъун рижарав.** Гьевги Адам авараг вуго**. Гьеб напсалдаса жиндие чIужуги гьаюрав,** ХIава эбел йиго гьей**, гьелда жиндир рекIелгъей букIине. Цинги гьей ХIаваде тIаде жив лъугьараб мехалъ гьей лъимер гьабизе къинай лъугьана щибго черхалъе заралги гьечIого ва бигьаяб хIалалъ; гьеб лъимер ургьибгун жий хьвадулейги йикIана. Цинги лъимер бакIлъараб мехалъ,** жиндир черхги бакIлъараб мехалъ**, гьел кIиязго Аллагьасде гьари гьабуна: «Дуца нижее цо лъикIаб, баракат бугеб, черх сахаб, лъимер кьуни, нижеца дуе щукру гьабила, дур нигIматалги нижеда кIоченаро» – абун.**

**I90. Цинги дица гьезие лъикIаб,** сахаб, сурат-жинс берцинаб **лъимер кьедал, гьеб лъимералъги гьезул наслу-тухумалъги дидехун ширк гьабизе байбихьана** ва хъанчазе, алагьзабазе лагьлъи гьабизе лъугьана. **Аллагь ТIадегIанав вуго гьезул ширкалдаса,** жив вацIцIадав вуго мушриказ жиндехун гIунтIизе гьарулел гIайибаздасаги: гIахьалчи вукIиналдаса, лъимер-хъизан букIиналдаса. Гьаб аяталъе тапсир гьабуна Жалал абулеб тIехьалда: гьезие лъимер гьабураб мехалъ гьеб лъимералда цIар лъуна ГIабдулхIарис абун. Гьеб цIар лъейги щайтIаналъ ХIава эбелалда илгьам гьабун лъуна. Гьей лъимер гьабун, гьеб чIаго хутIуларого йикIаго, гьав вас гьавураб мехалъ щайтIаналъ абуна гьесда цIар лъе ГIабдухIарис абун, гьев чIаго хутIизе вугин абун. ГIемерисел гIалимзабаца гьеб тафсир битIараблъун рикIкIинчIо ва нилъеца цебехун хъвараб тапсир битIараблъун бихьизабуна.


**I9I. Жидеца алагьзабилъун кин кколел жидеда щибго жо бижизе кIоларел хъанчал ва ганчIал. Гьал алагьзабиги, гьазие лагьлъи гьабулел мушрикалги Аллагьас рижарал рукIингун цадахъ.**

**I92. Гьал мушриказе кумек гьабизе жидер хIал кIоларел ва жидерго напсалги цIунизе кIоларел, гьезие зарал гьабулел гIадамаздаса.**

**I93. Нужеца гьел хъанчал ахIани хIакъаб дин гьабиялде гьез гьеб ахIиялъе жаваб кьоларо ва нужеда нахърилъулаго:** рухI гьечIел ганчIал, хъаршал ругелъул гьел. **Нужее щибго батIалъи гьечIо гьел хъанчазде ахIи баниги яги нуж руцIцIун чIаниги.**

**I94. Нужеца тIадегIанав Аллагь живго тун, алагьзабилъун ккун жидее гIибадат гьабулел хъанчал, нужго гIадин Аллагьас рижарал жал руго ва гьесул махлукъ буго**. Гьаб амруялда рекъон гьечIев чияс **гьезда ахIи бай ва гьездаса нужее жаваб кьей тIалаб гьабе,** гьел аллагьзаби руго абураб **дагIбаялъулъ нуж ритIарал ратании.** Гьел алагьзаби гьечIо ва гьез ахIиялъе жаваб кьоларо. КинабгIаги лъикIлъи, яги квешлъи гьабизеги кIоларо.

**I95. Гьел нужер аллагьзабазул хIатIалищ ругел гьездалъугн жал хьвадулел ва гьезул квералищ ругел, гьездалъун жидеца кьабулел, гьезул бералищ ругел жидедалъун канлъи бихьулел, яги гьезул гIундулищ ругел жидедалъун жо ргIулел.** ГьечIо гьезул цониги жо гьал рехсарал жалаздаса. **Дуца гьезда абе: «АхIеха нужеца ширк гьабулел аллагьзаби ва дие хIилла - макру гьабе,** дие цо къварилъи гьабе! **Ва нужеца гьаб амру нахъбахъун тоге!** Дун нужедаса хIинкъун гьечIо, дир мугъчIвай цохIогояв Аллагьасде буго.




**I96. ХIакълъунго дие квербакъулев, дир умуразул тадбир гьабулев Вали жинца дида Къуръан рещтIинабурав Аллагь вуго. Гьев Аллагь киналниги муъминзабазул Валиги вуго. Дунял-ахираталда жинца гьезие квербакъулев, гьел цIунулев вуго.**

**I97. Аллагьги живго тун, нужеца жидее лагъълъи гьабулел хъанчал жидеего квербакъизе кIоларел ва нужее квербакъизеги жидер хIал кIоларел жал руго.**

**I98. Нужеца гьел хIакъаб диналда ахIани гьезда гьеб ахIи ргIунаро. Дуда гьел рихьула, дуде ралагьун ругеб гIадин, амма гьезда щибго жо бихьуларо.**

**I99. Дуца гIадамазулгун гьабулеб гIамалалъулъ бигьаяб хIеренаб нух тIаса бище МухIаммад,** дуца **жагьилал гIадамал сан гьаричIого те,** гьез гьабуралда релъълъараб ахIмакъаб жо гьабуге ва гьезул ргIи-гIамал гIадахъги босуге, гьездехун гурхIел ва хIалимлъи гьабе.

**200. Дудехун щайтIаналъ цо квешаб жо гьабуни ва мун вас-васалде ккезавуни, дуца Аллагьасдалъун цIуни гьаре гьеб щайтIаналъул квешлъиялдаса. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинда ргIулев ва жинда лъалев вуго.**

**20I. Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамазда щайтIаналъ цо вас-вас ва щакдари тIад бачIинабураб механ, гьез ракIалде щвезабула ахират** ва гьениб бугеб хIисаб-мизан, алжан-жужахI. **Цинги гьел гIадамазул ракIазда нур бала** ва гьелдалъун жал щайтIаналъул заралалдаса хвасарлъула.

**202. Аллагьасдаса жал хIинкъуларел, куфру-ширкалда чIарал, щайтIабазул вацал** (гьудулзаби) **гьеб щайтIаналъ къосиналда жанир чIезарула ва гьел жидер куфру -ширкалдаса рахъунго кколаро.**


**203. Гьел мушрикаца тIалаб гьабураб мугIжизат Аллагьас дуе кьечIеб механ, гьез абулеб буго: дуцаго щайха цо мугIжизат ургъулареб? – абун.** Гьаб буго жидеца Аллагь-авараг сан гьавичIого абулеб ргIи. **Дуца гьезда абе, МухIаммад: дун вуго Аллагьас дида вахIю гьабураб жоялда нахъвилъльарав чи. Гьаб хирияб Къуръан баянал хIужаби руго ва гвангъараб далилги буго.** РакIазе жо лъаялъе сабабги буго. **Аллагьасде иман лъурал гIадамазе рахIматги буго, жинца гьел хIакъаб диналда тIоритIулеб имамги буго.**

**204. Нужеда ргIулеб бакIалда гьаб хирияб Къуръан цIалараб мехалъ нуж гьелда гIенекке ва руцIцIун чIа.** Гьеб Къуръаналъул пикруги гьабе, гьелдасан насихIатги босе. **Гьадин нуж хьвадани Аллагь нужеда гурхIила.**

**205.** дур дугIаялъулъ **Дуца БетIергьан Аллагь рехсе мунго вугеб бакIалда ва дурго напсалда жанив, гьесие хIелун, гьесдасан хIинкъун, гьаракь борхизабичIого. Щибаб гIужалъ рехсе Аллагь: радалги, къасиги ва мун Аллагь рехсеялдаса гъапулал гIадамаздаса вукIунге.**

**206. Дур БетIергьан Аллагьасда аскIор ругел хириял малаикзаби жал чIухIуларел руго Аллагьасе гIибадат гьабизе. Жидеца Аллагьасе тасбихI гьабулелги руго** гьев Аллагь вацIцIад гьавун жинда рекъоларе щинаб жоялдаса. **Жидеца суждаги гьев Аллагьасе гьабулел руго,** цоги щибго жоялъе сужда ва гIибадат гьабуларел руго.

Гьаб аят цIаларас ва жинда гьеб цIалулеб ргIарас сужда гьабизе суннатаб буго. Гьабги Къуръан цIалиялъул суждабазул авалаб сужда буго.




## 8. Суратул Анфал
**سورة لانفال**

Мадинаялда рещтIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила щуго аят бугеб.

**I. Дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, гьаниматалъул хIакъалъулъ.** Кафурзабигун рагъулаго щвараб давлаялъул. Кин гьеб бикьилеб, лъие щиб кьелеб абун. **Дуца абе: кинабго гьаниматалъул хIукму ва ихтияр Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул расуласда буго. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа гьаб хабар бицун цоцазда ракI хвезабун рукIине ва нужеца нужеда гьоркьоб маслихIат гьабе ва цоцаде хилиплъи тун, цоцалъ рекъон рукIа. Нуж Аллагьасеги ва гьесул расуласеги мутIигIлъе, нуж иман камилал, хIакъикъиял муъминзабилъун ратани.**

**2. Жидер иман камилал, Аллагьасе гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзаби руго Аллагь ракIалде щвараб мехалъ жидер ракIал хIинкъулел:** гьесул кIодолъи, хIалкIолъи лъан, бичIчIун. **Жидее Аллагьасул Къуръан цIалараб мехалъ гьелдалъун иман ва рекIелчIей жегиги цIикIкIунел. Киналго умуразулъ цохIо Аллагьасда таваккал тIамун, гьесда божун рукIунел.**

**3. Жидеца хIукъукъал тIуран паризаял какал ралел ва дица кьураб ризкъиялдаса паризаяб закат ва суннатаб садакъа кьолел.**

**4. Гьал гIадамал руго жидеца Аллагьасда (عز وجل) хIакъаб иман лъурал.** Гьез иман лъейгун цадахъ лъикIал гIамалалги гьарулел ругелъул. **Гьезие руго жидер бетIергьанасда аскIор тIадегIанал даражаби. Гьезие Аллагьасул мунагьал рахчиги буго ва алжаналъул сахаватаб, абадияб, гьел кIодо гьариялда хурхун жидее кьолеб ризкъиги буго.** ТIадегIанав Аллагьас жив разиял муъминзабазул сипатал рицана гьаб лъабго аяталда жаниб, гьаб сурат жиндалъун байбихьараб гъазаваталъул ва гъаниматалъул хабарги гьоркьоб къотIизабун, гьеб гъазаваталъул амру цIакъ кIудияб амру букIиналъ ва гьелда къватIив вахъунев чи хIакъикъияв муъминчи вукIине тIадаб бугелъул.


ИбнухатIибица абуна: дуца гьал аятал цIале ва дур напсалъул пикру гьабе, я гьав муъминчи! Аллагьас гьанир рицарал сипатал дур чорхолъ ратани, дуца Аллагьасе рецц гьабе ва дуе кIудияб рохел буго. Гьел сипатал дур чорхолъ ратичIони мун жив гурхIулев Аллагьасе хIеле, жив хирияв, вокьулев, жинца жаваб хехго кьолев Аллагьасда дугIа гьабун дур иман камил гьаби ва якъин щула гьаби тIалаб гьабе–абун.

**5. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) мун къватIиве вахъинавурав гIадин, МухIаммад, Мадинаялда дурго рукъов вукIарав чи: жиндир хIакъаб амруялдалъун ва гьеб къватIиве вахъин цо муъминзабазе бокьун букIинчIониги:** жидер рагъуе хIадурлъи ва махщел букIинчIого.

**6. Ва гьабго хIалалъ дудехун кIалъалел руго цо муъминзаби мун жинда вугеб хIакъаб амруялъулъ - къурайшиязда рагъ гьабизе мун вахъиналъулъ, гьеб хIакъаб жо жидее баянлъун букIун хадурги. Гьел рагъ гьабизе хIинкъун руго ва балагьун бералгун (**ургъунго, лъалаго букIун**) жал цере къотIун хвалиде рачунел гIадамазда релълъун руго.**

**7. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее къотIи гьабураб гIужги рехсе: кIиго къокъаялъул цояб нужее щвезе буго абун,** (нуж гьезда тIад бергьине руго), **нужее бокьулеб буго жиндилъ къуват гьечIеб, ярагъги гьечIеб,** гIемераб боцIи-мал бугеб Абу Суфянил къокъа нужее щвезе. **ТIадегIанав Аллагьасе бокьула жинца хIакъаб жо хIакъ гьабизе жиндир къотIиялдалъун:** нужее цояб къокъа буго абураб къотIиялдалъун Аллагьасе бокьун буго хIакъаб исламияб дин тIаде борхизабизе, гьелъие квербакъизе **ва жинца куфру-ширкги кьолболъанго тIагIинабизе.**

**8.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб амру гьадин гьабуна **жинца хIакъаб исламияб дин хIакъ гьабизе, гьеб бергьинабизе ва батIулаб куфру-ширк батIул гьабизе, гьеб къезабизе. КигIанго гьаб иш Аллагьасда гIасиял мушриказе рихараб бугониги,** Аллагьас жиндир амру жиндие бокьухъин тIубазабула.




**9. Нужеца ракIалде щвезабун бице нуж Аллагьасе хIелулел рукIараб гIуж: цинги ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее жаваб гьабуна: «Дица нужее квербакъи гьабизе бугин азарго малаикасдалъун, цоязда хадур цоял ритIун, нужер хIажалъи бихьун» - абун**.

**I0. ТIадегIанав Аллагьас нужее кумекалъе малаикзаби ритIи гьабичIо нужее рохеллъун букIун гурони, нужер ракIалги гIодоре риччан рукIине гурони. Ва амма рагъулъ бергьенлъи ва цоги щиб бугониги жоялъе квербакъи букIунаро цохIо Аллагьасдалъун гурони. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндир гуч бергьарав, жиндасан щибго жо бергьунарев вуго. Жиндир хIукму-тадбиралъулъги цIакъ гIакъилав, жинда жаниб маслахIат бугеб жо гьабулев вуго.**

**II. Нужеца жегиги ракIалде щвезабе, я гьал муъминзаби, Аллагьас нужеде тIаде макьу биччараб гIуж, нужее божилъун ва хIинкъи тIаса ине. Аллагьас нужеде зодисан цIад базабун лъимги биччараб гIуж, гьелдалъун нуж чороклъиялдаса рацIцIине ва нужедаса щайтIаналъул вас-вас ва хIинкъи ракIалде реххи тIаса инабизе. Нужер ракIалги щула гьаризе Аллагьасул квербакъиялда божи цIикIкIун. Нуж рагъулъ хIинкъичIого рукIине ва нужер хIатIал тамахаб салулъе тIерхьинчIого рукIине.**

Бадроялда муъминзаби къечон, какие чуризе, черх чуризе лъим гьечIого хутIун рукIана. Гьез какги балеб бакIана черх чури тIад бугониги. Цинги щайтIаналъ гьезул ракIазулъе вас-вас реххизе къасд гьабуна: «Аллагьас кин нужее квербакъулеб нужее гьекъезе лъимги гьечIеб мехалъ, черхцин чуричIого нужеца какалги рараб мехалъ. Цингиги нужеца абулеб буго нуж Аллагьасе рокьулел чагIи ругин ва нужгун цадахъ гьесул расулги вугин абун»

Цинги Аллагьас (عز وجل) лъикIаб ва гIемераб цIад базабуна. Гьез черхги чурана, цадахъ ругел лъим цIолел рахълъеналги цIезаруна. Гьеб цIадалъ ракь къвакIизе гьабун, гьенир хьвадизеги бигьалъана. Гьелда хадуб Аллагьас жидеда тIаде макьу биччана ва щибго хIинкъи гьечIого, рагъда ругеблъи кIочон, гьел кьижун кколел рукIана.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIалиасхIабас бицана: «Бадруялда рагъулеб мехалъ цохIо Микъдад абулев асхIабасул гурони чу букIинчIо. Дида ниж кианлго кьижун кколел рихьана цохIо Аллагьасул свалат

салам лъеяв авараг хутIизегIан. Дида гьев цо гъветIалда гъоркь чIун как балев ва Аллагьасде гьарун гIодулев вихьана рогьинегIан» – абун.


**I2. БетIергьан Аллагьас (عز وجل) малаикзабазда вахIю гьабураб гIужги ракIалде щвезабе МухIаммад ﷺ, Дун нужгун цадахъ вугин** ва нужее квербакъулев вугин. **Нужеца муъминзабазе квербакъе гьел тущманасде данде чIезе. Дица гьел капурзабазул рекIелъе хIинкъи реххизе буго.** Ва гьел риххи-хочун лъутизаризе руго. **Нужеца гьезул габуралда тIад ва бетIералда кьабе, гьезул квераздаги кьабе.**

**I3. Бадруялда мушриказда щвараб чIвайги гIазабги буго гьел Аллагьасда ва гьесул расуласда хилиплъун рукIиналъе гIоло** ва гьезде данде рагъизе рахъун рукIиналъги. **ХIакълъунго Аллагьасде ва гьесул расуласде данде рахъарал гIадамазе Аллагьас цIакъ гучаб гIакъуба-гIазаб гьабула.**

**I4. Гьаб буго нужее дунялалда бугеб гIазаб. Нужеца гьеб гIазаб чIаме! Ахираталдаги капурзабазе абадияб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**I5. Я гьал иман лъурал гIадамал! Капурзабазул боял нужеда данде рачIараб мехалъ: жал тIаде кIанцIун ва гIемерал боял ракIарун, нуж гьезде мугъ кьун лъутуге.** Рихха-хочун инчIого гьезда данде чIа.

**I6. Рагъда вукIадго тущманасде мугъ реххун лъутарав чи, цоги къокъаялде аскIове векерун гурони, яги рагъуе хIилла гьабун бакI хисун аравги гурони, гьев тущманасдаса лъутун арав чи жинда Аллагьасул ццим бахъи щварав вуго. Ахираталда жив вуссунеб бакIги жагьанама буго. ЦIакъ квешаб бакI бугоха гьеб жагьанама жинда жанив ккарасе.**




**I7. Гьел мушрикал нужеца чIвачIо, Аллагьас (عز وجل) чIвана гьел. Дуца капурзабаздехун цо хъат цIураб ракь рехараб мехалъ, гьеб ракь дуца рехараб букIинчIо, МухIаммад!** Цо хъат цIураб ракь азарго чиясул бадиб щоларелъул. **Гьеб ракь рехаравги Аллагь вуго,** гьес щвезабуна ракь щивав мушрикасул бадиб. **ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьеб кинабго жо гьабуна** ва гIемерал мугIжизаталги загьир гьаруна **муъминзабазул берцинаб хIалбихьи гьабизе. Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо рагIунев ва лъалев вуго.**

**I8. Гьаб Бадруялда ккараб рагъул хабар хIакъаб жо буго. ХIакълъунго Аллагь вуго жинца капурзабазул макру ва хIилла къезабулев, гьеб гIодобегIан гьабулевги.**

**I9. Нужеца хIукму гьаби тIалаб гьабулеб батани, я Маккаялъул капурзаби, Аллагьас (عز وجل) гьеб нужер тIалаб тIубазабуна.** КъабихIаб, рахIму тIагIараб къавм гьалаг гьабуна. Гьеб къавмги нуж ругоян абураб магIна буго аяталъул. **Нужеца муъминзабаздехун гьабулеб рагъ тани, гьеб нужее гьаб дунялалдаги доба ахираталдаги лъикIаб буго. Нуж жегиги рагъ гьабизе тIадруссани, дица жегиги муъминзабазе квербакъи гьабила ва нуж къезарила. Нужеца кигIан гIемерал боял данде гьаруниги, нужее дунялалдаго гIазаб гьабила ва гьеб гьукъизе нужеда кIоларо. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) муъминзабигун цадахъ вуго.**

**20. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж тIадегIанав Аллагьасе ва гьесул расул МухIаммадие мутIигIлъе. Нужеца гьев расуласдехун хилиплъи гьабуге ва нуж гьесдаса руссунге: Нужеда Аллагьасул калам Къуръанги цIалулеб рагIулеб букIаго.**

**2I. Нуж рукIунге гьел мушриказда релълъун, нижеда рагIанаян абулел, гьезда рагIунги гьечIого.** Жидер гIундузда жо рагIаниги гьеб рекIелъе биччаларел.

**22. Аллагьасда аскIоб жиб ракьалда хьвадулеб бищунго квешаб хIайван буго жинда щибго жо рагIулареб, щибго жо бицинеги лъалареб. Жидер гIакълу гьечIел ва лъикIаб, квешаб жо батIа**

**гьабизе лъаларел.** Гьал руго гIабдудар абулеб кьибилалъул гIадамал, Абужагьалгун цадахъ муъминзабада рагъизе рачIун рукIарал ва жидецаги абурал: «ниж гIинкъал, беццал, мацI лъаларел руго гьев МухIаммадица бицунеб жоялъе» – абун.

**23. Аллагьасда лъалеб букIарабани гьел гIадамазулъ лъикIлъи букIин ва гьез иман лъезе букIинги, Аллагьас гьезда ргIинабилаан.** Амма Аллагьасда лъала гьеб къавм иман лъоларе букIин. **Аллагьас гьезда ргIинабуниги гьел инкар ккун чIезе рукIана ва мугъ бан руссине рукIана:** хIал хъублъи гьабун, гIамал кIодолъи гьабун.


**24. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьасе ва гьесул расуласе жаваб гьабе, жиндалъун нуж чIаголъулеб лъикIаб жоялде ахIараб мехалъ. Ва нужеда лъай, я гьал муъминзаби, Аллагь вукIин нужеда ва нужер ракIазде гьоркьов лъугьунев.** Нужер гIакълуялъул гIаксалда цо-цо жо гьабулев. **Жегиги нужеда лъай муъминзаби, ахираталда кинабго халкъгун цадахъ нужги Аллагьасда цере рахъинаризе рукIин.**

**25. Ва нужги хIинкъун рукIа Аллагьасул питна ва гIазаб нужеде щвеялдаса. Гьеб гIазаб Аллагьас цо къавмалде биччараб мехалъ цохIого залимзабазда ва гIассиял чагIазда щун хутIулареб.** Гьеб гIазаб киналго гIадамазда гIаммлъула. Залимзабада гьеб щола жидер зулму ва гIасилъи сабаблъун. Зулму гьабичIезда гIазаб щола жидеца гьеб залимаб къавм зулмуялдаса нахъчIвачIогоян абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«ГIадамазда цо жинца зулму гьабулев чи вихьараб мехалъ ва жидеца гьесул квералги кквечIеб мехалъ, Аллагьас гьел гIадламал гIаммаб гIазабалъ кквеялда хIинкъи буго»* - абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «ТIадегIанав Аллагьас муъминзабаде амру гьабулеб буго жидеда гьоркьор мункар гьабулел гIадамал тоге абун. Гьел гIадамал гьоркьор ругони Аллагьас гIазаб рещтIинабула, цинги лъикIавги квешавги чиясда гьеб гIазаб гIамлъула» - абун.

**Ва нужедаги лъай гьев Аллагь жинда гIассилъарал гIадамазе гIакъуба-гIазаб гучав вукIин.**




**26. Нужеца ракIалде щвезабе нуж дагьал гIадамал рукIун Маккаялде мушриказ къварид гьарулел рукIараб гIуж. Нуж хIинкъунги рукIарал гьел мушриказ нуж чIван тIагIинарила абун. Цинги Аллагьас нужее цIунулеб бакI гьабуна.** Мадинаялда гьижра гьабун мушриказул зулмуялдаса хвасарлъана. **Хадуб Бадроялда нужее кверги бакъана мушриказул боял риххизарун, лъутизаризе. Ва Аллагьас нужее гъанимат хIалал гьабуна, нужее хIалалаб бацIцIадаб ризкъилъун букIине.** Цересел умматазе гьеб гъанимат хIарам гьабун букIана.

**27. Я гьал иман лъурал гIадамал, нужеца хиянат гьабуге Аллагьасе ва гьесул расуласе м**ушриказда ва ягьудазда муъминзабазул балъголъи бицун. **Аллагьас нужеда тIад гьабураб аманаталъеги хиянат гьабуге гьеб жо хиянат букIин ва гьелда тIад бачIунеб гIакъубаги нужеда лъалеб букIаго.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Аллагьасе хиянат гьаби буго гьесул паризаял жал тIурангутIи. Расуласе хиянат гьаби буго гьесул суннаталда нахъвилъгутIи. Аманаталъе хиянат гьаби буго Аллагьас лагъзадерида божизарурал гьезда гьоркьор ругел умуразулъ хиянат гьаби – абун.

**28. Нужедаги лъай, я муъминзаби, нужеда кодоб бугеб боцIи-мал ва лъимал нужее бугеб питна буго.** Аллагьас нужер хIалбихьизе кьураб буго. **Ва амма Аллагьасда аскIоб бугеб ажру-кири цIакъ кIудияб буго ва нужее гьеб лъикI буго лъималаздаса ва боцIиялдаса.**

**29. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул гIорхъаби хвезаризе ва гьесда гIассилъизе хIинкъани, Аллагьас нужее гьабила хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе лъалеб рекIел нур, ва нуж хвасар гьарила кинабго къварилъиялдаса. Нужеца церехун гьарурал мунагьалги чурила**

**ва гьезул гIакъуба гьабичIого тIаса лъугьун тела. ХIакълъунго Аллагь жиндир цIобал гIатIидав, нигIматал гIемерав вуго.**


**30. Маккаялъул мушриказ дуе макраби ургъулел рукIараблъи ракIалде щвезабе, МухIаммад: мун жанив тIамун чIезавизе, яги мун чIвазе хIукму гьабуна.** Киналго кьибилазул гIолохъабаца цадахъго хвалчен кьабун, цонигиясдаса къисас босизе санагIат кколареб хIалалъ. **Яги мун Маккаялдаса къватIиве къотIизе хIукму гьабуна. Гьел мушриказ дуе макру ургъулеб букIана ва Аллагьас гьезие макру ургъулеб букIана: гьезул макру батIул гьабун ва гьезул амру къватIиб чIвазабун. Аллагь лъикIав вуго жиндир хIукму тIубазабизе ва мушриказул макру хвезабизе.**

**31. Дуца гьел мушриказе Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ жидеца абулеб букIана: «Нижеда гьеб калам ргIана. Нижее бокьани гьелдасанги лъикIаб жо цIализе кIола нижеда, гьеб дуца цIалулеб жо гьечIо цересел умматазул гьерсал гурони» - абун.** Гьеб жо Аллагьасул калам гьечIо абун.

**32. Гьел мушриказ абуна: «Я нижер Аллагь! Гьаб МухIаммадица цIалулеб Къуръан дур рахъалъан бугеб хIакъаб тIехь батани, дуца нижеда тIад зодисан ганчIазул цIад базабе.** ЛутIил къавмалде тIад базабураб гIадаб. **Яги цоги ниж гьалаг гьарулеб гIазаб бачун вачIа мун нижеде тIаде» – абун.**

**33. ТIадегIанав Аллагь гьезие гIазаб гьабулев гьечIо мунги гьезда гьоркьов вукIаго.** Гьаб буго гьезул къабихIаб ргIиялъе Аллагьас кьолеб жаваб. Гьел мушрикал гучаб гIазаб жидее гьабизе хIакълъарал руго. Ва амма тIадегIанав Аллагьасул нух буго жинца умматалъе гIазаб гьабулареб жидеда гьоркьов аварагги вукIаго. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул хIурмат гьабун гьабичIо гьел къурайшиязе жидер рижиго тIагIинабулеб гIазаб.

**Гьал мушриказда гьоркьор жидеца Аллагьасда мунагьал рахчи гьарулел муъминзабиги рукIадгоги гьабуларо Аллагьас гьезие гIазаб.**




**34. Гьезие гIазаб гьабичIого букIине ккани щибго гIилла гьечIо, гьез масжидул хIарамалда** (кагIбаялда) **унел гIадамалги нахъчIвалел рукIаго. Гьел мушрикал Аллагьасе рокьулел авлияалги гьечIо:** гьесде ширк гьабун хъанчие лагълъи гьабулел гIадамал кин рукIунел Аллагьасул гьудулзабилъун? **ХIакълъунго Аллагьасул авлияал руго гьесдаса хIинкъарал, гьесие гIибадат бацIцIад гьабулел гIадамал. Гьел мушриказул гIемерисел жидеда гьаб хIукму лъаларел руго ва жидеего бокьараб жо бицун кIалъалел руго.**

**35. Мушриказ кагIба рукъалда сверун лъугьун гьабулеб жо букIинчIо жидеца кIалдир килщал къазарун гьищтIул макънал рачин гуреб ва хъат чIван гьаракь-хъуй гьаби гуреб.** Гьаб гIамал гьез гьабулеб букIана муъминзабаца как балеб мехалъ гьезие квалквал гьабун. Бадруялда гьезде щвараб гIазабалда ишара гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: г**ьанже нужеца квешаб, жинца унтизе гьабулеб гIазаб чIаме, нужеца Аллагьасде инкар ккун букIинбалъе гIоло** ва гьесул аварагасеги муъминзабазеги гIакъуба-къварилъи гьабун букIиналъе гIологи-абун.

**36. Аллагьасда ва гьесул диналда инкар ккурал гIадамаз жидер боцIи напакъаде кьолеб буго** (харж гьабулеб буго) **исламияб диналдаса гIадамал нахъчIвазе гIоло,** Аллагасул свалат салам лъеяв аварагасде рагъ базе гIологи. ТIабарияс абуна: Бадруялда рагъ дъугьун хадуб мукшриказул аскаразул нахъе хутIарал гIадамал Маккаялде рачIиндал гьез къурайшиязда абуна: «гьав МухIаммадица нужее къварилъи гьабуна, нужер гIагарал гIадамал ва тIасарищарал церехъаби чIвана. Нужеца боцIи-малалдалъун кумек гьабе нижее, нижеца рецIел босизе нилъер чIварал гIадамазухъ» – абун.

**Гьез боцIи-мал харж гьабизеги буго ва хадур цIакъ пащманлъизеги руго.** Жидер боцIиги гIадада ине буго ва жидеда Аллагьасул дин гьукъизе, гьелъул нур свинабизе кIвезе гьечIо. **Ахиралда гьел къезеги руго ва ахираталда гьаб капураб къавм Аллагьас киналго ракIаризе руго жужахIалде жанире.**

**37. ТIадегIанав Аллагьас гьаб капураб къавм жужахIалде бакIарула: хъубаб, чорокаб жо бацIцIадаб жоялдаса батIа гьабизе.** Куфруги-иманги, хIакъабги-батIулабги жо батIа гьабизе. **Цинги жинца гьел хъубал, капурал гIадамал киналго данде гьарун цоцаде тIатIала лъун, цоцалъ къазе гьарун жужахIалъул цIадаре реххизе. Гьаб къавм буго жидер чIорого хутIи камилаб халкъ.**

**38. Дуца гьезда абе, МухIаммад, жидеца гьеб куфру-ширк тани ва Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялдеги руссани, гьезул цебехун араб мунагь-хIакъ тIаса лъугьун тола. Тавбу гьабичIого гьел цIидасан муъминзабазде данде рахъани ва жидерго гIасилъабиги гьаруни, гьединаб гIасияб халкъалъе дица гьабулеб гIазаб церехун арал умматазул къиссабаздаса нужеда лъалеб батизе ккола.**

**39. Нужеца капурзабазда рагъ бай, я муъминзаби, гьаб ракьалда тIад питна гьечIого букIине ва кинабго динги цохIо Аллагьасул хIакъаб, аслияб дин букIине.** «Питна» абураб рагIиялъул магIна буго ширк абураб. **Гьел купруялдаса руссани ва жидеца гIасилъаби тун Аллагьасе гIибадатги гьабуни; ТIадегIанав Аллагь гьез гьабулеб гIамал жинда бихьулев ва лъалев вуго.**

**40. Нагагь нужер ахIи гьез къабул гьабичIони ва жидерго куфру-ширкалда тIад гьел чIчIани, цинги нужеда лъай, я гьал муъминзаби, ТIадегIанав Аллагь вукIин нужее квербакъулев ва нужер умуразул тадбир гьабулев. ХIакълъунго Аллагь цIакъ лъикIав вали вуго ва цIакъ лъикIав кумекчиги вуго.**


==========

Сапяну бину ГIабдуллагьидаса (ра) хIадис бицана:

***Дица Аварагасда ﷺ абуна: «Я расулаллагь! Дуца диде исламалда жаниб бищунго кIвар бугеб жоялъул хIакъалъулъ цо рагIи абе, дица цоги чиясда гьеб гьикъизе кколарев хIалалъ» - абун***: (ай мухIканаб хIалалъ баян гьабе, цогидазда гьикъизе ккечIого вукIине дун абураб магIна). ***Аварагас ﷺ абуна дуца аманту биллагьи абе, цинги гьеб рагIиялда витIунги чIчIаян абун.***

ХIадис Муслимица (ра) бицана.

Ай дуца Аллагьу тагIалаясда иман лъе ва гьеб иманалъ тIад гьабулеб кинабго гIамалги гьабе: Малаиказда, русулазда, тIахьазда, ахир къиямасеб къоялда, Аллагьасул къадаралда иман лъейи гIадаб, исламалъул щуябго рукну тIубай гIадаб, Аварагасул ﷺ суннат тIубай гIадаб.


الجزء العاشر سورة الأنفال
الجزء ١٠ الربع ١٩
* وَاعْلَمُوٓا۟ أَنَّمَا غَنِمْتُم مِّن شَىْءٍ فَأَنَّ لِلَّهِ خُمُسَهُۥ وَلِلرَّسُولِ
وَلِذِى ٱلْقُرْبَىٰ وَٱلْيَتَٰمَىٰ وَٱلْمَسَٰكِينِ وَٱبْنِ ٱلسَّبِيلِ إِن
كُنتُمْ ءَامَنتُم بِٱللَّهِ وَمَآ أَنزَلْنَا عَلَىٰ عَبْدِنَا يَوْمَ ٱلْفُرْقَانِ
يَوْمَ ٱلْتَقَى ٱلْجَمْعَانِ ۗ وَٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٤١﴾ إِذْ
أَنتُم بِٱلْعُدْوَةِ ٱلدُّنْيَا وَهُم بِٱلْعُدْوَةِ ٱلْقُصْوَىٰ وَٱلرَّكْبُ
أَسْفَلَ مِنكُمْ ۚ وَلَوْ تَوَاعَدتُّمْ لَٱخْتَلَفْتُمْ فِى ٱلْمِيعَٰدِ
وَلَٰكِن لِّيَقْضِىَ ٱللَّهُ أَمْرًا كَانَ مَفْعُولًا لِّيَهْلِكَ مَنْ
هَلَكَ عَنۢ بَيِّنَةٍ وَيَحْيَىٰ مَنْ حَىَّ عَنۢ بَيِّنَةٍ ۗ وَإِنَّ ٱللَّهَ
لَسَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿٤٢﴾ إِذْ يُرِيكَهُمُ ٱللَّهُ فِى مَنَامِكَ قَلِيلًا ۖ
وَلَوْ أَرَىٰكَهُمْ كَثِيرًا لَّفَشِلْتُمْ وَلَتَنَٰزَعْتُمْ فِى ٱلْأَمْرِ
وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ سَلَّمَ ۚ إِنَّهُۥ عَلِيمٌۢ بِذَاتِ ٱلصُّدُورِ ﴿٤٣﴾ وَإِذْ
يُرِيكُمُوهُمْ إِذِ ٱلْتَقَيْتُمْ فِىٓ أَعْيُنِكُمْ قَلِيلًا وَيُقَلِّلُكُمْ
فِىٓ أَعْيُنِهِمْ لِيَقْضِىَ ٱللَّهُ أَمْرًا كَانَ مَفْعُولًا ۗ وَإِلَى ٱللَّهِ
تُرْجَعُ ٱلْأُمُورُ ﴿٤٤﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِذَا لَقِيتُمْ فِئَةً
فَٱثْبُتُوا۟ وَٱذْكُرُوا۟ ٱللَّهَ كَثِيرًا لَّعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ ﴿٤٥﴾
١٨٢

**4I. Нужеда лъай, я гьал муъминзаби, Аллагьасул тущбабазда рагъ бан нужее щвараб гьанимат** (давла) **бикьула щуго бутIаялде. Гьелъул цо бутIа буго Аллагьасул ва гьесул расуласул ихтияралда бугеб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьеб бутIаялдаса кьола жиндир гIагарал чагIазе.** Банугьашим ва банумутIалибил иман лъурал гIадамазе. **Ятимзабазе, мискинал гIадамазе ва сапаралда ругел гIадамазеги.** Щуго бутIа гьабун цо бутIа тIаса босун хутIараб ункъго бутIа бикьула жидеца гъазават гьабурал мужагьидазда гьоркьоб. Нужеда лъай гьаб хIукму букIин гьеб гъанималъул масъалаялъулъ, **нуж Аллагьасда иман лъурал ратани, гьединго иманалда ва куфруялда гьоркьоб батIалъи гьабураб Бадруялда рагъ бугеб къоялъ дица дир лагъасда-МухIаммадида, рещтIинабураб жоялда иман лъуралги ратани. Бусурбабазулги капурзабазулги кIиго къокъа данделъараб къоялъ.**

ГIемерисел гIалимзабаз абуна: гьаб букIана рамазан моцIалъул анцIила анкьабилеб къо, рузман къоги букIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагсда рещтIараб жоги Аллагьасул квербакъи букIана ва кIудиял мугIжизаталги рукIана: малаикзаби рещтIана, макьу щвезабуна, мушрикал дагьаллъун рихьизаруна. Зодисан цIад базе гьабуна. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагс хъат цIураб ракь реххун киналго мушриказул бадиб ва магIарзухъ гьеб ракь щвана, цинги гьелги хIинкъун, лъутун ана. **ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго жиндир хIалкIолъи кинабго жоялда гIамлъарав.** Гьеб хIалкIолъиялдаса буго дагьал муъминзаби гIемерал мушриказдаса бергьинариги.


**42. Гьаб рагъул хабар букIана нуж Бадруялъул кIкIалалъул Мадинаялда гIагарда бугеб рахъалда рукIадго, нужер тущбаби рикIкIад бугеб рахъалдаги рукIун. Нужее жиб щвезе бокьун букIараб Абусупянил къапилаги ралъдал ругIалдасахун, гьоркьияб рахъалдаса ана. Гьаб рагъ гьабизе нужецаги мушриказги цебеккунго къотIи гьабун букIарабани, нуж къотIуе хилиплъизе рукIана.** Аллагьас гьаб кIиго къокъа данде чIвай гьабуна **жиндир азалияб гIелмуялъулъ бугеб хIукму тIубазабизе:** Исламияб динги бусурбабиги тIадегIан гьаризе, кIодо гьаризе, ширк ва гьеб ширк гьабулеб агьлу гIодобегIан гьабизе. Гьединго гьаб рагъ ккеялдаса Аллагьасе бокьараб жо букIана **тIубанго, далил-хIужа чIун, капурзаби гьалаглъиялда ругеблъи лъазе ва муъминзаби хIакъаб нухда ругеблъиги лъазе.** Бадруялда муъминзаби жидее квербакъун бергьинаруна. Куфру-ширкалъул агьлу хIинкъизарун къезаруна. **ХIакълъунго Аллагь кинабго жо ругIулев ва лъалев вуго.**

**43. Дуца ракIалде щвезабе МухIммад,** Аллагьасул цогиги нигIмат: **Аллагьас дуда макьилъ бихьизабуна мушриказул боял дагьал ругел гIадин** ва дуца асхIабзабазда гьеб макьу бициндал, гьезул рагъизе къасд цIикIкIана. **Гьел гIемерлъун дуда рихьизарун рукIаралани, нуж хIинкъизе рукIана гьезулгун рагъ байбихьизе, нужер цоцаздехун хилиплъиги ккелаан,** цояз рагъ гьабун лъикI абун, цояз гьабичIого лъикI абун. **Киннги Аллагьас нуж саламат гьаруна хIинкъиялдасаги цоцазде хилиплъиялдасаги. ХIакълъунго нижер ракIазда жаниб бугеб жоги лъалев вуго тIадегIанав Аллагь.**

**44. Цинги нужги мушрикалги рагъул майданалда данделъараб мехалъ, нужер беразда Аллагьас мушрикал рихьизаруна гьел дагьал ругел гIадин**, гьезул **беразда нужги рихьизаруна жегиги дагьал ругел гIадин,** гьелги нужеда рагъизе жал бергьина абун ракIчIчIун. Гьадин Аллагьас кIиябго къокъа цоцалъ багъизабуна, **жиндир хIукму тIубазе гIоло:** исламияб дин тIадегIанаб гьаби, куфру-ширк къезаби. **Киналго умуразул руссин, гьезул авал-ахир Аллагьасул ихтияралда буго.**

**45. Я гьал иман лъурал гIадамал! Капурзабазул цо къокъа данчIвараб мехалъ, нуж гьезда данде чIчIа хIинкъичIого, нахъруссинчIого. гьезда рагъ гьабулеб мехалъги нужеца Аллагь**

**гIемер рехсе,** гьесдаса ракIги мацIги гъапуллъизе тоге. **Гьеб буго нужер тущманасда тIад кверщел батиялъе ва ахираталда алжаналда кверщел батиялъе сабаб.**




**46. Нужер киналго ишазулъ ва ргIабазулъ нуж мутIигIлъе тIадегIанав Аллагьасе ва гьесул расуласеги. Нуж цоцазде хилиплъуге цоцалъ къацандуге, гьедин къацандани нуж тущманасда данде чIезеги хIинкъула, нужер къуват дагьлъун, гуч ун, рекIелъе хIинкъиги реххула. Рагъул захIмалъи хIехьон сабруги гьабе. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жидеца сабру гьабулел гIадамалгун цадахъ вуго,** гьезие квербакъулевлъун.

**47. Нуж къурайшиязул мушриказда релълъун рукIунге, жидер рукъзабахъан чIухIдае, гIадамазда рихьизе бокьун къватIире рахъарал ва жидеца Аллагьасул диналдаса гIадамал нахъчIвалел; гьел мушриказ гьабулеб пишаялда сверун лъугьарав вуго ТIадегIанав Аллагь.**

ГIадамаз реццизе бокьун рачIун рукIана гьел Бадруялда рагъ гьабизе. Абужагьалицаги абун букIана: «БичасхIаги ниж нахъруссинаро Бадруялда щун гурони. Гьенир варанабиги хъун хамроги гьекъон гурони. Нижее кучIдул ахIун ва кьурдун гъарабащаз рекIелгъейги гьабун гурони. Гьаб нижер хабарги киналго гIарабиязда ргIила, цинги даимго нижедасан хIинкъунги рукIина гьел гIарабал» – абун. Амма гьез хвалил лълъарал гьекъезе ккана ва кочIол макъназул бакIалда магIихъабазул гьаркьалги ргIана.

**48. Мушриказе щайтIаналъ жидер гIамал берцин бихьизабиги ракIалде щвезабе, МухIаммад. Гьезда щайтIаналъ абуна: «Жакъа нужедаса бергьине кIолев чи вукIунаро.** МухIаммадги гьесул асхIабзабиги нужедаса бергьунаро. **Дун буго нужее кумекалъе хIадурун чIчIараб» - абун. Цинги бусурбабиги мушрикалги рагъизе дандчIвараб мехалъ щайтIан нахъхIатIида лъутун ана ва жинца абуна: «Дун нужее кумек гьабизе къотIи гьабиялдаса нахъбуссана. Дида бихьана жеги нужеда бихьичIеб жо» - абун.** Гьелда малаикзабазул боял рихьана муъминзабазе квербакъизе зодиса рещтIунел. Жинда Аллагь разилъаяв имам Маликица бицараб хIадисалда буго: «Бадруялъул къоялъ гурони ЩайтIаналъе жиб гIодобегIанлъун ва хIакъирлъун бихьичIо, жиндаго щим бахъараблъунги бихьичIо. Гьелда Жабраил малаик вихьана муъминзабазе квербакъи гьабизе рещтIунел малаикзабазул мухъал гьарулев» – абун.

**Дун Аллагьасдасан хIинкъулаян** абуна гьеб щайтIаналъ, гьереси бицун. **ХIакълъунго Аллагь жиндир гIакъуба гучав вуго гьаб щайтIаналъе ва гьелда нахърилълъаразе.**


**49. Жидер рекIелъ унти бугел** (иман гьечIел) **гIадамаз ва мунапикъаца абураб гIужги рехсе нужеца: гьал гIадамал жидер диналъ гуккун ругоян абун.** Жидее гьабизе кIолареб жо гьабизе лъугьун руго бусурбаби мушриказда рагъизе къватIирги рахъун абураб магIна буго гьеб ргIиялъул. Гьезие жаваб гьабун Аллагьас абулеб буго: **Гьал гIадамал руго Аллагьасда иман лъун гьесда тавакал тIамун ругел. Гьесда тавакал тIамун щив чи вугониги, гьезие квербакъулев Аллагь вуго, жиндир гуч бергьарав ва жиндир пиша хIакимияв.**

**50. Дуда бихьун букIарабани, я гьав гIенеккарав чи, Бадруялда мушрикал хвезарулел рукIараб хIал** – дуда цIакъ захIматаб хIал бихьилаан. Гьезул рухIал рахъулел рукIана м**алаикзабаца жидер гьурмалги, мугъалги кьабулаго ва гьездаги абулеб букIана «нужеца чIаме боркьараб жужахIалъул гIазаб» – абун.**

**5I. Гьаб гIазаб буго нужее нужер куфруялъе ва гIасилъаби гьариялъе бугеб жаза. ХIакълъунго Аллагь цониги чиясе зулму гьабулевлъун гьечIо.**

**52. Гьал нужеде данде ругел капурзабазул хьвади ва гIамал пиргIавнил къавмалъул ва гьезда цере рукIаразулги гIамал буго. Гьел къавмаз гьереси гьаруна Аллагьасул аятал ва аварагзаби.**

**Цинги тIадегIанав Аллагьас гьезие гIазабги гьабуна,** гьел гьалаг гьаруна жидерго гIасилъи ва мунагь сабаблъун. **ХIакълъунго Аллагь цIакъ къуват бугев вуго. Жинда гIасилъаразе гучаб гIакъуба гьабулевги вуго.**




**53. Гьел цересел умматазе гьабураб гIазаб ва гьалаг гьари Аллагь вукIиналъе гIоло буго жинца умматалъе кьураб нигIмат тIаса босуларев, гьеб умматалъ кIудияб мунагь гьабун гурони.** Алагьас жиндир нигIматал балагьлъунги сверизаруларо гьеб къавмалъ Аллагьасда иман лъейлъун бугеб кIудияб нигIмат куфрулъун сверизабун гурони. Маккаялъул къурайшаз жидее бугеб бечелъиги, божилъиги, сахлъиги харж гьабун МухIаммад аварагасде инкар ккуна, муъминзабазе къварилъиги гьабун, битIараб диналдаса гIадамал нахъчIвана. Ва гьезда Бадруялда гIакъубаги гIазабги рещтIана. **ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо ргIулев ва кинабго жо лъалев вуго.**

**54. ПиргIавнил ва гьесдаги цере рукIарал умматазул капурал гIадамазда релъдъун буго гьал капурзабазул нух ва гIамал: жидеца Аллагьасул авараг гьереси гьавурал ва гьесие кьурал мугIжизаталги гьереси гьарурал. Дица гьел къавмал гьалаг гьаруна жидер мунагьал сабаблъун. ПиргIавнил къавмги дица ралъдалъ гьанкъизабуна. Гьел киналго жидеда гIазаб щварал умматал рукIана жидеца зулму гьабулел.** Куфру-ширкалъул, гIасилъи-пасикълъиялъул агьлу.

**55. Аллагьас ракьалда тIад рижарал, гьенир хьвадулел, бищунго квешал хIайванал руго жидеца Аллагьасда инкар ккурал гIадамал. Гьел руго жидеца иман лъоларел,** куфруялда жанир тIерхьарал гIадамал.

**56.** М**ушриказе квербакъи гьабиларо абун дуе къотIи гьабун рукIарал, цинги жидеца гьеб къотIи хвезабулел ва цогиги къотIаби хвезабулел, гьеб къабихIаб гIамал гьабизе Аллагьасдаса жалги хIинкъуларел.**

**57. Рагъ гьабулаго гьел къотIи хвезабулел гIадамазда дур кверщел батани, МухIаммад, дуца гьезда гучаб кьаби щвезабе ва гьезие къуватаб гIазабги гьабе, гьезда хадур ругел хIинкъулеб хIалалъ. Гьел хиянатчагIазда щвараб къо гьезие вагIзалъун букIина ва гьединаб жо гьабизе хIинкъила.**

**58. Дургун къотIиялда бугеб цо къавмалъ хиянат гьабиялда мун хIинкъараб мехалъ, дуца гьезулгун къотIи биххе, МухIаммад загьирго, гьезда лъазабун. ХIакълъунго Аллагьасе рокьуларо жидеца къотIи хвезабулел гIадамал.** Жидер аманат гьечIел, жидеца ргIиги кколарел**.**


**59. Бадруялда рагъдаса нахъруссун арал мушриказда ракIалде ккоге абе жал Аллагьасухъа рорчIана абун.** Гьел дир ихтияралда гъоркь руго ва дида кодор руго. **Гьез дун гIажиз гьавуларо дие бокьараб жо гьабизе.**

**60. Тущманасда данде рагъ гьабизе нужеца хIалкIараб хIалалъ хIадурлъи гьабе:** ярагъ букIа, гIадамал рукIа, ретIел-квен букIа ва цогидаб жинда хIажалъи кколебщинаб жо хIадур гьабе. Рагъуе гIолохъаби куцай: загьираб къуваталъул рахъалъан ва рухIияб къуваталъул рахъалъанги. **Гьединго рагъда рачунел чуялги хIадур гьаре: жал куцун, хьихьун, кьили-тIенк хIадурун.**

ГIалимзабаца абуна: Гьаб масъала гьаб бакIалда рехсеялъе сабаб буго Бадруялда рагъулеб мехалъ бусурбабазул хIадурлъи букIунгутIи. Бусурбаби кантIизарулел руго хIадурлъиги гьечIого, букIине кколеб къадар ярагъги, къуватги, гIадамалги гьечIого бергьенлъи щвей кидалго букIунареблъиялда. **Гьединаб хIадурлъиги гьабун нужеца Аллагьасул ва нужер тущман хIинкъизавизе. Ва гьел гурел цогидал тущбабиги хIинкъизаризе:** нужеда гьоркьор ругел балъгоял тущбаби мунапикъзаби хIинкъизаризе. **Гьел тущбаби руго нужеда жал лъаларел, ва амма Аллагьасда лъала**

**мунапикъзаби** ва гьезул рекIелъ ругел хиянатал къасдалги. **Аллагьасул дин тIадегIан гьабизе гIоло гьазават гьабизе нужеца кьураб напакъа буго Аллагьас нужее гьелда данде тIубараб жаза гьабулеб ва щибго жо нукъсан гьабун Аллагьас зулмуги гьабуларо.**

**6I. Нужер тущбабаца рекъел гьабиялда ва рагъ гьоркьоб къотIизабиялда къасд гьабуни, дуца гьеб маслихIат босизе къасд гьабе, гьелда жаниб бусрбабазе хIинкъи ва хиянат гьечIеблъи лъараб мехалъ. Дуца таваккалги тIаме Аллагьасда, гьев Аллагь вугелъул нужеца бицунеб жо рагIулев ва нужеца гьабулеб жоги лъалев.**




**62. Гьеб рекъел-маслихIат гьабиялдалъун тущбабазе дуе хиянат гьабизе бокьун бугони, гьеб хиянаталдаса мун цIунизе дуе Аллагь гIезе вуго. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинца дуе квербакъи гьабурав: малаикзаби рещтIинарун ва дуда мутIигIал муъминзабаздалъунги.**

**63. Гьев Аллагь вуго жинца муъминзабазул ракIал цоцаде рекъезарурав.** тущманлъиялда ва рагъазда рукIарал батIи-батIиял кьибил-тухумалъул ва къавмазул муъминзаби цоцазе вацаллъун лъугьана.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ругел мугIжизатаздаса цо мугIжизат буго гьаб. КъуртIубияс абуна: гьел гIарабиязул цояс цогидасда цо хъат кьабунин абун гьел цояз цоял чIван рагъулел рукIана ва цIакъ гучаб жагьилияб ахIмакълъиялда рукIана. ТIадегIанав Аллагьас гьезда гьоркьоб рекъел гьабуна иманалдалъун, гьезул тущманлъи рокьилъун сверизабуна, гьезул цоцаздаса рикIкIалъиги гIагарлъиялде бусизабуна. Аллагьасул дин сабаблъун жидерго капурав вацги эменги чIвалеллъун лъугьана»-абун.

**Гьаб ракьалда тIад бугеб кинабго бечелъи дуца кьуниги, дуда гьел рекъезаризе кIвезе букIинчIо, МухIаммад. Киннигги Аллагьас рекъезаруна гьезул ракIал цоцазде. Аллагь вугелъул гьезул ракIазул бетIергьан, жиндие бокьараб рахъалде гьел цIазе кIолев. ХIаклъунго Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав хан ва гIадлу битIарав хIаким.**

**64. Я гьав Бичасул авараг! ТIадегIанав Аллагь гIезе вуго дуеги ва дуда нахърилълъарал муъминзабазеги жинца нужер тадбир гьабулевлъун,** нужее цоги щивго чи хIажат гьечIо жинда божизе ва жиндаса квербакъи тIалаб гьабизе.


**65. Я гьав Бичасул авараг! Дуца муъминзабазул ракI гьесизабе капурзабазда рагъ гьабизе. Нужер Аллагьасда иман лъун рагъда сабру гьабулев къого чи вугони, гьел бергьине руго кIинусго тущманасда тIад. Нужер нусгояв вугони азарго капурчиясдасаги бергьине руго. Гьеб къавм бугелъул жидеда щибго жо бичIчIуларе ахIмакъаб къавм.**

**66. Гьанже Аллагьас нужее бигьалъи гьабулеб буго ва гьесда лъана нужеда гьоркьор цо-цо загIипал гIадамал рукIин:** иман загIипал, черх загIипал. **Нужедаса нусго чи вугони Алллагьасе гIолон вагъулев ва гьениб щолеб къварилъиялде сабру гьабулев, гьел бергьине руго кIинусго чиясдаса. Нужедаса азарго сабру бугев мужагьид вугони, гьел кIиазарго капурчиясдаса бергьине руго, Аллагьасул изнуялдалъун ва кумекалдалъун. ХIакълъунго Аллагь вуго жидеца сабру гьабулел гIадамалгун цадахъ** гьезие квербакъулевлъун, гьел цIунулевлъун. Живгун цадахъ Аллагь вугев чи вуго жив бергьунев.

**67. Цониги аварагасда рекъараб гьечIо жинца асирзаби кквезе цинги гьел нахъе кьун пидаъ (выкуп) босизе, жинца рагъги гIемер гьабун, капурзабиги хIинкъизарун, ракьалда тIад дин бакIлъизабизегIан** ва капурзаби данде рагъизе кIоларедухъ чIван, лъукъун гIодор ккезаризегIан. **Нужее дунялалъул дагьабго магIишат бокьун буго гьеб пидаъ босун. ТIадегIанав Аллагьасе бокьун буго нужее лъикIаб ахират букIине. Жиндир гуч бергьарав вуго Аллагь ва жинца лагъзадерие гьарулел тадбиразулъ хIикмат бугев, гьезие маслахIат бугеб жо гьабулев вуго.**

**68. Жиб ццебе ккараб БетIергьан Аллагьасул хIукму букIинчIеб ани:** (ижтигьад гьабун хатIалъарасе гIазаб гьабун гутIи**), гьаб нужеца босараб пидаъ сабаблъун нужеда кIудияб гIазаб щвезе букIана.**

**69. Нужеца хIалалаб, бацIадаблъун кванай, я гьал гьазават гьабулел гIадамал, рагъдаса нужее щвараб гьанимат.** Гьеб нужер хIалтIухъ щвараб мухь буго ва нужер хIалтIиги бишунго бацIадаб ва хIалалаб буго. **Нуж Аллагьасдаса хIинкъа гьесул амру-нагьюялда хилиплъизе. ХIакълъунго Аллагь вуго муъминзабада цIакъ гурхIулев, тавбо гьабуразул тавбо къабул гьабун гьезул мунагьал чурулев.**




**70. Я гьав Бичасул авараг! Нужеда кодор ругел асирзабада абе: Аллагьасе лъалеб лъикIлъи нужер ракIазулъ батани, нуж иман лъеялъулъ ритIухъал ратани ва нужер иман лъуна абураб рагIи битIараб батани, Аллагьас нужее кьезе буго нужехъан босараб пидаалдаса лъикIаб ва гIемераб боцIи. Нужер мунагьалги чуризе руго ццере гьарун арал гIасилъабазул. ХIакълъунго Аллагь гурхIулев ва мунагьал чурулев вуго.**

Гьаб аят рештIинабуна Бадруялда асирзабада гьоркьов вукIарав.жинда Аллагь разилъаяв ГIаббасил хIакъалъулъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас ГIаббасида абуна дуца пидаъ кье дуда цебесан ва дур вацасул васалазда цебесанги: ГIукъайл ва Навпалида цебеса. Гьеб пидаъ кьун хадуб ГIаббасица абуна: «Я дир вацасул вас! Гьанже дуца дун танаха гIумруялъ Къурайшияздаса нечолевлъун»-абун (ай дир хинабго магIишат ана дуца, дунги мискин гьавуна).

Аварагас абуна: «кибе араб дур месед, мун къватIив вахъунеб мехалъ дуца Умулпазлихъ кьураб. Дуца гьелдаги абуна: «Дида лъаларо гьаб сапаралъ щиб дир кколебали. Дун тIад вуссинчIони гьеб месед дуеги дир хъизамалъеги буго»-абун. ГIаббасица абуна: «гьеб хабар кин дуда лъараб»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «дида гьеб дир БетIергьан Аллагьас бицана»-абун.

**7I. Гьал асирзабада гьоркьор дуе хиянат гьабизе бокьарал гIадамал ругони МухIаммад,** жидеца иман лъуна абун гьереси бицун: **гьел Аллагьасе хиянат гьабурал руго гьалдасанги цере. Аллагьас дур квершел батизабуна гьезда ва гьел дур асираллъун ккезе гьаруна. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев гIалим ва жиндир гIадло битIарав хIаким.**


**72. ХIакълъунго жидеца Аллагьасда ва аварагасда иман лъурал гIадамал,** жидер ватIан тун **Аллагьасул диналъе гIоло гьижраги гьабурал. Цинги жидеца Аллагьасул диналъе гIоло жигьадги гьабурал гьезул чурхдуздалъун ва магIишаталдалъун.** Гьал сипатал руго мугьажиразул сипатал. **Жидеца гьал мугьажирал жанир рачарал, гьезие жидер ватIаналда рештIине ва гIумру гьабизе рес рекъезабурал, цинги жидеца аварагасе кверги бакъарал.** Гьал сипатал руго ансараул сипатал. **Гьаб кIябго къокъа буго цо-цазул ирс босулел вализаби ва гьудулзаби. Жидер диналда божилъи бугел гIадамалги руго. Цо-цазе квер бакъулел ва цо-цазе жидеца вацлъи гьабулел руго. Жидеца иман лъурал, амма жидеца гьижра гьабун гьечIел** ва жегиги Маккаялда ругел, **гьал гIадамаздаги нужедаги гьоркьоб гьудуллъи ва ирс гьечIо гьел гьижра гьабун Мадинаялда рачIизегIан.**

**Гьал иман лъурал гIадамаз нужедаса квербакъи тIалаб гьабуни жидер дин кIодо гьабизе, нужеда тIадаб буго гьезие кумек гьабизе. Гьел нужер диналъул вацал ругелъул. Ва амма нужергун рагъ гьабичIого букIине къотIи бугел гIадамазда дандрахъун квербакъи гьабиларо дол муъминзабазе.** КъотIуе хилаплъи гьабиларо гьел капурзабаз къотIи хвезабун гьечIебгIан мехалъ. **ХIакълъунго Аллагь жинда бихьулев вуго нужеца гьабулеб жоялъул загьирги, батIинги.**

**73. Киналго капурал гIадамал цо-цазул вализаби руго.** гьудулзаби руго, цо-цазе квер бакъулелги руго. **Гьаб цебехун рехсараб жо нужеца гьабичIони ракьалда тIад питна букIине буго ва кIудияб пасалъиги букIине буго.** нуж капурзабаца щущах риххинарула, нужер ракьалги гьез рахъула, нужеда гьоркьоб щибго аманатги хутIуларо.

**74. Жидеца иманги лъурал, гьижраги гьабурал, жидер чурхдуздалъун ва боцIи-малалдалъун Аллагьасул диналъе гIоло жигьадги гьабурал, жидеца мугьажиразе ватIан кьурал ва гьел жанир рачарал, аварагасе кверги бакъарал, - гьал гIадамал руго хIакъикъиял муъминзаби, жидер иманги камилал, ихIсанги тIубарал.** ИхIсан абула Аллагь разилъи тIалаб гьабун, цIакъго напс къезабун хьвадиялда. **Гьезие Аллагьасул рахъалъан буго жидер мунагьал рахчи ва алжаназул сахаватал нигIматал.**

**75.** Авалаб гьижра гьабун хадуб **жидеца иман лъурал ва гьижра гьабун Мадинаялда рачIарал, цинги нужгун цадахъ гъазаватги гьабурал: гьал муъминзабиги нужедаса руго. Аллагьасул шаргIалда рекъон насабалъул рахъалъан гIагарал муъминзаби рекъарал руго цо-цазул ирс босизе цогидал бусурбабаздаса. ХIакълъунго Аллагь жинда лъалев вуго кинабниги цебехун букIарабги нахъехун букIинесебги жо.** Аллагьас гьабураб кинабго хIукмуги жиндилъ хIикмат бугеб, лъикIлъи бугеб, маслахIат бугеб буго.




**سورة التوبة**

**9. Сурату Тавбати**

Мадинаялда рещтIинабураб, жинда жаниб нусиялда къоло ичIго аят бугеб.

**I. ТIадегIанав Аллагь ва гьесул расул гьоркьов гьечIо,** гьел къватIир рахъана, **нужеца мушриказулгун гьарун рукIарал къотIабаздаса.** мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе гьарурал къотIаби хвезарун хиянат гьабидалго, Аллагьас амру гьабуна гьезулгун ругел къотIаби риххе абун. Аварагас жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIаб витIана хIеж гьабизе ун рукIарал муъминзабада хадув гьаб сураталъул амру гьезда лъазабе абун. Гьеб букIана гьижраялъул ичIабилеб сон. ХIажизабазул амирлъун вукIана жинда Аллагь разилъаяв Абубакар. Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIаб муъминзабада цеве вахъана ва жинца гьезда лъазабуна ункъго хIукму:

I). Гьаб соналдаса хадуб кагIба рукъалда аскIов цониги мушрик къазе бегьуларо.

2). КагIба рукъалда сверун тIад ретIел гьечIого тIавап гьабизе бегьуларо.

3). Алжаналда жанир лъугьунаро Аллагьасдаги гьесул расул МухIаммадидаги иманлъун гьезда нахърилълъарал гIадамал гурони.

4). Аварагасул къотIи букIарал гIадамаз гьеб къотIи жиндир заман тIубазегIан цIуне.

**2. Нуж ракьалда божи бугеллъун хьваде, я гьал мушрикал, ункъго моцIалъ.** Нижеца нужее хIилла-макро гьабиларо, рагъги гьабиларо. **Нужеда жегиги лъан букIа, я гьал мушрикал, Аллагь нужеца гIажиз гьавуларевлъи. Кир нуж ругониги гьесул гIазаб нужеде щвела. ХIакълъунго Аллагь жинца капурзаби инжит гьарулев вуго.** Дунялалда асир гьарун, чIван инжит гьарула. Ахираталда жужахIалъул гIазабги гьабула.


**3. Аллагьасул рахъалъан ва гьесул расуласул рахъалъанги халкъалде лъазабулеб буго кIудияб хIажалъул къоялъ** (къурбан хъолеб къоялъ) **Аллагьги гьесул расулги мушриказдаса тIубанго ратIалъарал, тIурал ругин абун. гьезда** гьоркьор киналгIаги къотIабиги гьечIо. **Нужеца тавбо гьабун, Аллагь цо гьавуни, нужее лъикI букIина гьеб ширкалда ва къосинлда чIеялдаса. Нагагь тавбо гьабиялдаса нуж нахъчIван чIани цинги нужеда лъайха Аллагьасухъа нуж**

**рорчIилареблъи** ва гьесул гIазаб нужеда щолеблъиги. **Дуца капурзабада рохел бице МухIаммад, гьезие жинца цIакъ унтизабулеб гIазаб букIине бугин абун.**

**4. Нужее къотIи гьабурал, гьелъие жидеца хиянатги гьабичIел, нужеда данде рагъизе рачIунел цогидал капурзабазе кумекги гьабичIел мушриказдаса къотIи биххарал гьечIо бусурбаби. Гьезул къотIи нужеца тIубазабе цIараб заман щвезегIан ва** гьезие къотIи биххун хиянат гьабуге. **ТIадегIанав Аллагьасе рокьула жидеца гьесдаса хIинкъун къотIи тIубалел гIадамал.**

**5. Мушриказе заман цIан рагъ хIарамлъараб ункъго моцI араб механалъ нужеца гьел чIвай кир нужеда гьел ратаниги:** Макка хIарамалда ругониги, цогидаб хIалалаб бакIалда ругониги. **Нужеца гьел асирлъун ккве, жидер хъулбузда жанир чIани, гьел хъулби** (крепость) **сверун ккун жанир чIчIезаре. Нужеца гьел хьвадулел киналго нухалги хъаравуллъиялда гъокь чIезаре. Рагъалдалъун бугониги, хIилаялдалъун бугониги гьезие зарал щолеб гьел къезарулеб ва хIакъир гьарулеб нух цIехе ва гьеб нух хIалтIизабе. Цинги гьез ширкалдаса тавбо гьабуни, исламияб диналда рачIун паризаяб какги бани, боцIудаса закатги кьуни,** цогидал исламалъул нухалги хIалтIизаруни**, нужеца гьезие зарал гьабуге. ХIакълъунго Аллагь вуго жив цIакъ гурхIулев, жинца мунагьал чурулев ва тавбо къабул гьабулев.**

**6. Мушриказул цо чияс дуда гьарани МухIуммад, жив божуда те абун, дуца гьев чи божуда те, гьесие къварилъиги гьабуге, жинда Аллагьасул калам ргIизегIан ва гьес пикро гьабизе исламияб диналъул ва дуца жинда ахIулеб шаргIиял хIукмабазул.** Гьев иман лъун дуда нахъвилъльине бегьила. **Цинги гьев чияс иман лъечIони, дуца гьев чи жидирго ватIаналда щвезаве ва гьесие щибго хиянат-хIилла гьабуге. Гьел мушрикал руго жидеда щибго жо лъалареб, жагьилаб ва ахIмакъаб къавм.** Жидеда Къуръанги, хIадисги ргIани, гьелъул пикруги гьабуни, гьезда жо бичIиялда хьул буго.




**7. Гьел мушриказе къотIи кин букIинеб Аллагьасдаги (عز وجل) гьесул расуласдаги аскIоб, масжидул хIарамалда аскIоб жидее къотIи гьабураб цохIо къокъаялъе гурони.** Банубакрилал абулеб цо къокъа буго гьаб, жидеца гьабураб къотIи хвезабичIел. **Гьал гIадамаз къотIи хвезабичIеб механалъ нужеца къотIи хвезабуге ва цIараб заман щвезегIан те. Аллагьасе (عز وجل) рокьула гьесул гIазабалдаса хIинкъун амру тIубалел гIадамал.** Банубакрилал абулеб цо къокъа буго гьаб, жидеца гьабураб къотIи хвезабичIел.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна гьел Маккаялъул агьло буго абун, микьабилеб соналъ Макка бахъун хадур иман лъечIого хутIарал

**8. Кин гьел мушриказе къотIи букIинеб, нужедаса бергьине жидее санагIат ккарабго жидеца щибго къотIиги божилъиги цIунуларел. Жидер кIалаздалъун нужеда жал разиял амма рекIелъ нипакъ бугел. Гьезул гIемериселги пасикъзаби руго.** Мунагъ-хIакъалъул кIвар гьечIел, Аллагьасе мутIигIлъиги гьечIел.

**9. Аллагьасул Къуръаналда нахъ рилъльинчIого дунялалъул магIишат тIаса бищарал,** дин бичун дунял босарал. **Аллагьасул (عز وجل) диналдаса цогидалги нахъчIвалел. Гьел руго жидеца цIакъ квешаб гIамал гьабулеб гIадамал.**

**I0. Аллагьасда (عز وجل) ва аварагасда ﷺ мутIигIлъарал муъминзабазе гьез кинабгIаги къотIи ва божилъи цIунуларо, гьезда рагъизе ва гьезие зарал гьабизе хIал кIолеб бугони. Гьел мушрикал руго жидер къосиналъул ва хIалихьалъиялъул рахъалъан гIорхъолъан арал гIадамал.**


**II. Гьал гIадамаз ширкалдаса руссун тавбо гьабуни, цинги какги бани закатги кьуни, гьал нужер диналъул вацал руго. Гьадин баян гьарула дица жидеда жо бичIулел ва лъалел гIадамазе шаргIалъул хIукмаби ва далилал.** Ва амма жо бичIунел цIакъ дагь гурони гьечIо.

**I2. Нужее гьаял гьедун къотIи гьабунги рукIун цинги жидеца къотIи хвезабуни, ва нужер диналдехун зарал бугеб жо гьабизеги ургъани, нужеца гьел капурзабазул церехъабазда ва хIакимзабада рагъ бай. Гьезулгун нужер къотIи гьечIо** (гьез хиянат гьабун бугелъул). **Гьел мушриказ нужедахун гьабулеб тушманлъи тезе ва исламалъе заралияб жо гьабиги тезе.**

**I3. Нужеца рагъ кин гьабулареб, я гьал муъминзаби, жидеца къотIиги гьаялги хвезарурал гIадамазда. Авараг ﷺ Маккаялдаса къватIив къотIизе жал хIадурун рукIарал.** (гьижра гьабиялда ццере). **Гьел мушрикалги рукIаго жидеца къотIи хвезаби ва рагъ гьаби бай бихьарал. Яги нуж гьездаса хIинкъунищ ругел?** Нуж гьездасан хIинкъуге. **Аллагьасдаса хIинкъине рекъараб буго нуж хIакъикъиял муъминзабилъун ругони.** Гьев Аллагь (عز وجل) вугелъул нужее квер бакъи гьабулев ва нужер дунял-ахираталъул умурал цIунулев.

Муслимица ва Бухарияс бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна дида Аллагьас амру гьабун буго дица гIадамазда рагъ гьабе абун жидеца «лаилагьа иллаллагьу МухIаммадун расулуллагь» абизегIан, паризаяб какги базегIан, закатги кьезегIан»*-абун. Гьаб хирияб аят ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис аслолъунги гьабун рагъ гьабуна жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабас закат кьоларел гIадамазда. Ибнуасламица абуна: «цIакъ жинда гIелму бичIарав вукIун вуго Абубакар. Аллагьас закат кьоларев чиясул какги къабул гьабуларо»-абун.

Гьаб заманалъ гIемерал бусурбаби руго какги балел кIалги кколел ва амма закаталъул щибго кIвар гьабуларел. Паризаяб как бай Аллагьасе кьолеб налъиялда релълъун буго, паризаяб закат мискин-пакъиразе кьолеб налъи буго. гьаб кIиябго налъи Къуръаналда жаниб чанго бакIалда цадахъ рехсон буго. Гьелдасан бичIула закат кьей цIакъ кIвар бугеб масъала букIин. Закат абураб рагIиялъул магIна рацIцIалъи буго. БоцIодаса закат кьураб мехалъ гьелъ боцIи бацIад гьабула, гьелда баракатги букIула. Закат кьолареб боцIи бетIергьанчиясе хIарамлъиялда сверула, баракатги букIунаро. Ахираталда гIазабги букIула.




**I4. Нужеца Аллагьасул ва нужер тушбабазда рагъ гьабе! Аллагьас (عز وجل) гьезие гIазаб гьабизе буго нужер квераздалъун. Аллагьас (عز وجل) гьел гIодорегIанги гьаризе руго къезарун ва асир гьарун. Гьездасан бергьине Аллагьас (عز وجل) нужее кверги бакъила. Исламияб дин тIадегIанлъун купру-ширк къун муъминзабазул ракIги бохила гьезул ракIазе даруги лъугьина.**

**I5. Муъминзабазул ракIаздасан ццим бахъи, къварилъи, пашманлъиги тIаса инабила Аллагьас. Жидеца тавбо гьабун руссарал гIадамазул тавбоги гьес къабул гьабила. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго хIукму лъалев ва жиндир киналниги ишазулъ гIадло битIарав хIаким.** Аррази абулев гIалимас абуна: гьаб кIиго аяталда жаниб ТIадегIанав Аллагьас капурзабада рагъ гьабе абун амру гьабулеб буго ва гьезие щуго кIудияб пайда-хайир букIинги бицулеб буго: I). Капурзабазе муъминзабазул кверазда лъун гIазаб гьаби. 2). Аллагьас гьел капурзаби хIинкъизари ва къезари. 3). Муъминзабазе квербакъи гьаби. 4). Муъминзабазул ракI боххизаби.

5). Гьезул ракIаздаса пашманлъи, къварилъи, ццим бахъин тIасса инаби. Гьаб щуго пайда щибаб цояб жиб цIкъ кIудияб буго, амма гьаб щуябго цадахъ бугони кигIан кIудияб пайдаха букIинеб!.

**I6. Нужеда ракIалдайищ кколеб, я гьал муъминзаби, Аллагьас нужер хIалбихьи гьабиларо абун. Аллагьасул диналъе гIоло жидеца жигьад гьабулел мужагьидалги загьир гьарун лъазе**


**гьаричIого тела абун. Жидеца капурзабадаса гьудулзаби кквечIел, гьезда балъголъиги бицунарел, гьел Аллагьасдаса, гьесул расуласдаса ва муъминзабадаса тIокI гьаруларел муъминзаби баян гьаричIого тела абун:** ай Аллагьас батIа гьабичIого ва загьир гьабичIого толаро хъубабги бацIадабги жо, хIакъабги батIулабги жо. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца загьирго гьабулебги, балъго гьабулебги кинабго гIамал.**

**I7. Мушриказул иш гьечIо Аллагьасул рукъзал къачIай ва гьезие хъулухъ гьаби. Гьеб гьересияб хъулухъ букIуна: гьез жидерго напсалъе нугIлъи гьабулеб бугелъул жал капурзаби рукIиналда.** Жидеца хъанчазе лагълъи гьабулеб бугелъул. **Гьел гIадамал жидер гIамал гIадада хварал руго, ахираталда абадияб жужахIалъул жал рукIунелги руго.**

**I8. Аллагьасул рукъзал къачIалел гIадамал руго жидеца Аллагьасда ва ахираталда иман лъурал гIадамал. Жидеца паризаял какал гIужда ва камилго ралел, боцIудаса закатги кьолел, жиндир шурутIал тIуран, шаргIалъ тIад гьабураб хIалалъ. ЦохIо Аллагьасдаса гурони жалги хIинкъуларел. Гьал гIадамал руго жал хIакъаб нухда тIоритIарал, жидеца масжидалги гьезда жаниб Аллагьасе гIибадат гьабун къачIалел.** Мушриказулъ гьечIел сипатал руго гьал ункъалго: цохIо Аллагьасда ва ахираталда иман лъей, Аллагьасдаса хIинкъулел рукIин, жидер хIакъ тIубан как бай ва закат бахъи. Гьал сипатал жиделъ гьечIел гIадамаз щиб гIамал гьабуниги гьеб ахираталъе щибго мунпагIат гьечIеб гIамал букIин бичIчIизабулеб буго аяталъ.

**I9. Нужеца кагIба рукъалъе хъулухъ гьабиги хIажизабазе замзам кьейги релълъинабулебищ бугеб, я гьал мушрикал, Аллагьасда ва ахираталда иман лъеялдаги ва Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабиялдаги! Гьал кIиялго гIадамал рашадал гьечIо Аллагьасда аскIор. ХIакълъунго Аллагьас битIараб нухда тIоритIуларо купру-ширк гьабун жидеего зулму гьабула чIчIарал гIадамал.**

**20. Жидеца Аллагьасда ва ахираталда иман лъурал гIадамал, жидер дин цIунун ватIан тун гьижра гьабун къватIирги рахъарал, цинги Аллагьасул диналъе гIоло аварагасда цадахъ жидер напсаздалъун ва магIищаталдалъун жигьадги гьабурал. Гьал гIадамал руго Аллагьасда аскIоб жидер ажро-даража ва къадро-къимат тIадегIанал ва кIудиял гIадамал. Гьал гIадамал руго жидер дунял ахираталъул бахьибуголъиялда квершел батаралги.**




**2I. Гьал муъминзабазе гьезул БетIергьанас роххел бицунеб буго жиндир рахъалъан бугеб рахIматалдалъун ва жив разилъиялдалъун. Алжаналдалъунги роххел бицунеб буго, жидеде жанир тIасса инго гьечIел нигIматал ругел.**

**22. Гьел алжаназда жанир муъминзаби лъугьинарула ахир гьечIеб, абадияб заманалъ гьенир рукIунеллъун. ХIакълъунго Аллагьасда аскIоб буго цIакъ кIудияб ажро.** Жинда инсанасул гIакъло нахъ регIулареб, жинца пикру гьабун лъалареб. Бищунго кIудияб ажро буго алжаналъул агьлоялъе Аллагьасул зат бихьулеб букIин.

АбухIаяница абуна: ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазул лъобго тIадегIанаб сипат бицана ва щибалда данде цо-цо кIудияб ажроги бицана: жиндир рахIмат бицана лагъзадерил иман лъеялъе жазалъун. Жив разилъиги бицана Аллагьасе гIоло жигьад гьабиялда данде. Алжаналъул нигIматалги рицана гьижра гьабун, ватIан тун сапар гьабулаго бихьараб гIакъуба-захIматалда данде.

**23. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца тIасса рищуге нужер вализабилъун** (кумекчагIи, гьудулзаби) **нужер ваццал ва умумул, гьел иман лъечIого купруялда чIун ругеб мехалъ.** Жидее купру бокьарал гIадамал нужее рокьуге**. Гьел капурзаби рокьарал ва гьел валилъун ккурал муъминзаби жидеца напсазе зулму гьабулел руго.**


**24. Дуца абе МухIамад,** купру-ширк бокьарал, гьезда тIад рекъарал гIадамазда: **нужее нужер умумул, васал, ваццал, нужер руччаби ва гIагарлъи хирияб батани. Гьединго нужеца данде гьабураб магIишатги, жиб дагьлъила, хайир бахиларо абун хIинкъулеб даранги, нуж жиндаса чIухIун ругел нужер рукъзалги нужее хириял ратани Аллагьасдаса (**عز وجل**) ва гьесул расуласдасаги ﷺ, Аллагьасул диналъе гIоло гъазават гьабиялдасаги, нуж балагьун чIаха нужедаго кинаб къодай бачIунеб абун**. Нужеда Аллагьасул гIазаб бачIина гьаб дунялалдаго яги ахираталда щвараб мехалъ. **Аллагьас (**عز وجل**) хIакъаб нухалда тIоритIуларо гIасияб, пасикъаб къавм.**

Гьаб кIиябго аят рештIинабиялъе сабаб бицана: ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасда амру гьабураб мехалъ Мадинаялда гьижра гьабе абун, иман лъурал гIадамаз абулеб букIана жидер гIагарлъиялда ва хъизаналда нилълъ гьижра гьабун ине ккола Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда мутIигIлъун абун Аллагьас бахьибугеллъун гьарурал гIадамаз гьеб хабар рохелгун къабул гьабулеб букIана ва гьижра гьабун къватIире рахъунел рукIана. Цогидал жидер хъизан лъималаз ва гIагарлъиялъ: «гьижра гьабуге, нижги рехун тоге»-абураб мехалъ Маккаялда чIолел рукIана гьижра гьабичIого. Гьал гIадамазул бицун рештIизабуна ТIадегIанав Аллагьас гьаб кIиго аят.

**25. ТIадегIанав Аллагьас нужее кумек гьабуна гIемерал гъазаватазулъ. Гьединго ХIунайналъул гъазаваталдаги квербакъана нужее. Нуж чIухIун рукIана нужер гIемерлъиялдаса, амма гьелъ нужее щибго кумек гьабичIо. ЦIакъго гIатIидаб ракьги нужее къваридаб бугеб гIади бихьана хIинкъун нуж лъугьулеб мехалъ ва нуж тушманасда мугъги рехун тIурун ана.** Гьаб аяталдалъун ТIадегIанав Аллагьас муъминзабазда бичIчIизабулеб буго гIадамал гIемер рукIин, ярагъ лъикIаб букIин гьечIеблъи рагъулъ бергьиналъе сабаб. Гьелъие сабаб буго Аллагьасдаса хIинкъун, гьесул квербакъиялда божун рагъулел мужагьидал рукIин ва гьезие Аллагьас квербакъиги.

**26. Цинги Аллагьас жиндир аварагасда ва муъминзабада гIодоре риччай рештIинабуна. Гьел муъминзабада бихьичIеб кумекги рештIинабуна Аллагьас(**عز وجل**):** зодиса малаикзаби рештIинаруна **ва Аллагьас капурзабазе гIазабги гьабуна.**

Цоял чIван, цоял асир гьарун, жидер кинабго боцIи-мал гъаниматалъе (давлаялъе) бахъун. **Гьаб буго Аллагьас жинда инкар ккурал гIадамазе гьабулеб гIакъуба ва жаза.**




**27. Гьалдаса хадубги Аллагьас жидеца тавбо гьабурал гIадамазул тавбо къабул гьабула.** Гьедин исламалда рачIана ХIунайниялда аварагасда данде рукIарал Гьавазаназул нахъ хутIарал гIадамал**. ХIакълъунго Аллагь вуго жив гьурхIулев ва жинца мунагьал чурулев**.

ХIунайналъул гъазават букIана гьижраялъул микьабилеб саналъ. Макка бахъун хадуб, гьеб Маккаялъул кинабго агьло исламалдеги бачIун, гьелъул тадбиралги гьарун, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялда ине хIадурулеб мехалъ, гьесда лъана Гьавазанал абулеб къавм жинда рагъ гьабизе хIадурулел рукIин. Гьезул амир вукIана Малик бину ГIавф. Маккаялда сверухъ ругел киналго мушрикал цо-цалъ рекъон рагъуе хIадурун рукIана. Гьезда лъалеб букIана Макка бахъун хадуб ва гьенир бусурбаби рукIун хадуб жидер иш лъикI букIунареблъи.

**28. Я гьал иман лъурал гIадамал! ХIакълъунго мушрикал нажасал (чорокал) руго:** жидер тIабигIатал чорокал, жидеца Аллагьасда инкар ккурал, жидер ракIал ва хIалал чорокал руго. **Гьел мушрикал гьаб соналдаса хадуб масжидулхIарамалда жанир лъугьунге** ва цогидал масжидаздаги лъугьунге. **Мушрикал хIаж гьабизе рачIинчIони нуж пакъирлъила абун хIинкъун ратани, я гьал**

**Маккаялъул гIадамал, Аллагьасе бокьани гьес нужее цоги нухалдасан бечелъи кьела. Жинда кинабго жо лъалев ва жинца хIукму гьабулев вугелъул Аллагь.**


Ибну ГIаббасица абуна: гьезул черх чорокаб буго болъоназул ва гьабзазул гIадин. ХIасанул Басрияс абуна: мушриказул квер босарав чияс какие чури цIи гьабе абун. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар бину ГIабдулгIазиз халипалъун вугеб мехалъ гьес лъазабун букIана киналго бусурбабазда ягьудиялги насраниялги масжидалда жанир лъугьизе тоге абун.

**29. Нужеца рагъ гьабе гьал муъминзаби, жидеца Аллагьасда ва ахираталда иман лъоларел гIадамазда. Аллагьас ва гьесул расулас хIарам гьабураб жо хIарамги гьабуларел.** Жидерго гIакълуялъ ва кашишзабаз бокьараб жо хIарам гьабун, бокьараб хIалал гьабун жал хьвадулел. **Ва жидеца хIакъаб динги гьабуларел.** ЦохIогояб хIакъаб дин исламияб дин буго ва Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг витIун, гьесухъе Къуръан рештIинабун гьаб исламияб дин ракьалда тIибитIун хадуб цогидал киналго динал батIулал руго. Гьел диналги тун исламияб диналда руссине киназдаго тIадабги буго, гьеб гьабичIого чIарал гIадамалги капурал руго. **Гьадин капурал руго жидехъе тIахь рештIинабурал ягьудиялги насраниялги. Гьазда рагъ гьабе абулеб буго Аллагьас жал мутIигIлъун, мукIурлъун, гIодогIанлъун гьез жизъят кьезегIан.**

**30.** Щай гьал китабиязда рагъ базе кколеб абуни: **ягьудияз абулеб буго ГIузайр Аллагьасул вас вуго абун. Насранияз абулеб буго ГIиса авараг Аллагьасул вас вуго абун. Жидер гьеб рагIи буго кIалалъ абулеб, амма жиндие кинабгIаги далил-хIужа гьечIеб. Жидеда цере рукIарал капурзабаца гьабураб гIамал буго гьаз гьабулебги. Аллагьас жал гьалаг гьареял тушбаби! КигIан кIудияб гьересиха гьез бицунеб?**

Бухтунасар абулев мажусияс (цIадуе лагълъи гьабулев чи) бануисраилал гьалаг гьарун хадуб гьезда гьоркьов цониги чи хутIун вукIинчIо таврат цIализе лъалев. Аллагьас нусго соналъ хвезавун хадуб чIаго гьавидалго ГIузуйрица ягьудиязе Тавраталдаса рекIехъе цIалун гьелъул хIукмаби рицун рукIана. Гьелда гIажаиблъун ягьудияз гьев Аллагьасул вас вуго абуна. Эмен гьечIого гьавун вугелъул насранияз ГIиса аварагасул эмен Аллагь вуго абуна.

**3I. Гьаз Аллагьги живго тун жидер кашишал ва рагьибал ккун руго жидее бетIергьабилъун. ГIиса аварагги Аллагьлъун кколев вуго цо гIадамаз. Гьал киназдаго амру гьабураб жоги гьечIо цIохIо Аллагьасе лагълъи гьабе абун гурони. Жив гурев цоги Аллагь гьечIев. Гьел мушриказ жиндие гьарулел сипатаздаса живги вацIадав ва ТIадегIанав.**




**32. Гьаб капураб къвамалъе ва мушриказе бокьун буго жидер кIалаздалъун Аллагьасул (عز وجل) нурлъун бугеб исламияб дин ссвинабизе.** Щибго гIилла-хIужа гьечIого, ракIалда ккараб хабар кIалалъ бицун, Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас цIалулеб Къуръан ва бицунеб шаригIат хвезабизе ракI буго гьезул. Гьазул гIамал релъълъун буго зодиб бугеб бакъ-моцIалда кIалалъ хIухьел пун гьеб ссвинабизе къасд гьабуразда. **Аллагьас (عز وجل) тезе гьечIо жиндир дин загьир гьабун гурони кигIанго купарал гIадамазе гьеб иш риханиги.**

33. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго **жидие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан;** жинца МухIаммад авараг витIарав гIаламалъе тIоритIел босун ва хIакъаб исламияб динги босун, жинца гьеб цогидал киналниги диназда тIад загьир гьабизе. Гьаб амру гьадин тIубазеги буго, кигIанго мушриказе гьеб бокьун гьечIониги.

**34. Я гьал иман лъурал гIадамал! ГIемерисел рагьибалги кашишалги руго жидеца гIадамазул боцIи хIарамаб, батIулаб нухалда кваналеллъун. Исламияб дин босизе бокьарал гIадамалги жидеца нахъчIвалел.**

**Жидеца гIарац данде бакIарулел, гьеб хазинаде цIунулел ва гьелдаса паризаяб закатги кьоларел, Аллагьасул (عز وجل) диналъе гIоло гъазават гьабизеги бокьуларел гIадамазда дуца роххел бице МухIаммад ﷺ, цIакъ унтизабулеб жужахIалъул гIазаб букIине бугин нужее ахираталда абун.** «Канз» абула жиндасан закатги кьечIого данде бакIарун бугеб боцIуда. Замахшарияс абуна: гьаб цо аяталда жанир ягьудиязул ва насраниязул квешал гIадамалги, закат кьоларел бусурбабиги цадахъ рехсеялъ кантIизарулел руго гьал кIиялго жидеца хIарамаб боцIи кванаялъулъ цоцазде релълъун рукIиналда ва гьезие гучаб гIазабги букIине букIиналда.


**35. Гьеб гIарац-месед жужахIалъул цIадаб багIаризабун цинги гьелдалъун мугьру чIвалеб жидер нодоялда, мугъазда ва хьалбаздаги,** гьан бухIун рукьби цере лъолеб хIалалъ мугьру чIвала. Гьеб мугьру чIван хадуб гьезда абула: **«Гьале гьаб буго нужеца хазинада цIунун тун букIараб жо. Гьанже гьаб хазинаялъул гIазаб чIамеха нужеца» - абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жинца боцIудасан закат кьоларев чиясе къиямасеб къоялъ цIадул хъаршал гьарула ва гьездалъун гьесул гьумералда, хьалбазда ва мугъалда мугьраби чIвала. Гьедин гьев эхетун вукIина кIикъоялда анцIазарго сон гIан халатаб къоялъ, халкъалъул хIисаб-мизан лъугьизегIан. Цинги Аллагьасе бокьани гьев чиясда жужахIалда унеб нух бихьизабула, Аллагьасе блкьани алжаналда унеб нух бихьизабула»*- абун.

Аяталдаса мурад буго дунялалъул рокъоб чIухIи реццалъе, ва цоцазда тIад тIадегIанлъиялъе хIалтIизабулеб гIарац-месед ахираталда жидеего гIазабалъе сабаблъун батулеблъи бицин ва муъминзаби гьелда кантIизари.

**36. Аллагьасда аскIоб моцIазул къадар буго анцIила кIиго моцI букIин. Гьаб хIукму лавхIулмахпузалда хъван буго Аллагьас зобал ракьал рижараб мехалъго. Гьеб анцIила кIиго моцIалдаса ункъго моцI буго жиделъ рагъ гьаби хIарам гьабурал.** «ЗулкъгIида, зулхIижа, мухIарам, ражаб». **Гьаб исламияб дин битIараб дин буго. Нужеца нужерго напсазе зулму гьабуге гьал моцIазда жаниб гIасилъаби гьарун ва хIарамал жал гьарун. Нужеца муширказда рагъ бай киналго цадахъ лъугьун, гьез нужедаги гьедин рагъ балеб бугелъул. Нужедаги лъан букIа, я гьал гIадамал, Аллагьас (عز وجل) квербакьулеблъи жиндаса хIинкъарал, дин тIадегIан гьабизе гIоло рагъулел муъминзабазе.**

ХIунайналъул гъазават букIана гьижраялъул микьабилеб саналъ. Макка бахъун хадуб, гьеб Маккаялъул кинабго агьло исламалдеги бачIун, гьелъул тадбиралги гьарун, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялда ине хIадурулеб мехалъ, гьесда лъана Гьавазанал абулеб къавм жинда рагъ гьабизе хIадурулел рукIин. Гьезул амир вукIана Малик бину ГIавф. Маккаялда сверухъ ругел киналго мушрикал цо-цалъ рекъон рагъуе хIадурун рукIана. Гьезда лъалеб букIана Макка бахъун хадуб ва гьенир бусурбаби рукIун хадуб жидер иш лъикI букIулареблъи.




**37. Жагьилиял гIарабияз рагъ хIарам гьабурал моцIал хисинари гьезул купруялъул гIемерлъи ва кIодолъи буго.** Рагъал гIемерал гьарулел рукIиналъ, гIарабияз жидее бокьарб мехалъ рагъ хIарам гьабураб моцIалъ рагъги гьабун, гьелъул бакIалда хисун цоги моцI толаан рагъ хIарам гьабураблъун.**Гьелдалъун капурзабазул къосин жегиги цIикIкIизабула. ЦIохIо моцI цояб соналъ рагъ гьабизе хIарамаб гьабула, цогидаб соналъ рагъ гьабизе хIалалаб гьабула. Аллагьас ункъго моцI рагъ хIарамаб гьабун бугелъул, гьезги ункъго моцI гIезабула,** цоялъул бакIалда цогидабги хисун лъун. **Гьеб хIарамаб жо хIалал гьаби ва хIалалаб жо хIарам гьабиги гьезда шайтIаналъ къабихIал гIамалал берцин бихьизабун букIиналъ буго. ХIакълъунго Аллагьас капурал гIадамал битIараб нухда тIоритIуларо.**

**38. Я гьал иман лъурал гIадамал! Аллагьасул расулас ﷺ жигьад гьабизе рахъаян ахIараб мехалъ нуж щай ракьалда рекIарал гIадин бакIлъун чIолел? Нуж ахиратги кIочонтун дунялалъул чIаголъи тIасса бищун гьелда ракI гъунищ ругел? Ахиратада бугеб алжаланалда данде ккун гьаб дунялалъул чIаголъи цIакъго пайда гьечIеб, къабихIаб жо буго.**

Гьаб аят рештIинабуна Табукалда гъазават гьабизе унеб мехалъ цо-цо гIузро бачун рокъор чIарал иман загIипал гIадамазул ва мушриказул хIакъалъулъ.

**39. Нуж Аллагьасул расулгун цадахъ жигьад гьабизе рахъичIони Аллагьас нужее цIакъ унтизе гьабулеб гIазаб гьабила. Цинги нужги гьалаг гьарун Аллагьас (عز وجل) нужер бакIалда цоги къавм гьабила: жидеца жигьадги гьабулел, Аллагьасдаги гьесул расуласдаги жал мутIигIлъулел. Нужеца Аллагьасе щибго зарал гьабуларо нуж жигьадалъе рахъичIогоян абун. ХIакълъунго Аллагь кинабго жоялда хIал кIолев буго.** Дунялалда тушман тIамила нужее гIазаб гьабизе, ахираталда цIадул гIазабги гьабила. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: цIакъ къуватаб гIазаб гьабила абун.

**40. Нужеца таниги Аллагьас (عز وجل) толаро жиндир расул квербакъичIого. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) кверги бакъана жиндир расуласе, Маккаялъул мушриказ жив Маккаялдаса къватIив инавураб мехалъ. Гьевгун цадахъ цохIо Абубакар асхIаб гурев чиги вукIинчIо, гьев кIиявго нохъокь рахчун ругеб мехалъ.** Савру абураб мегIералда буго гьеб нохъо **хирияв аварагас жиндир гьалмагъ Абубакарида абуна: мун пашманлъуге, нилъгун цадахъ БетIргьан Аллагь вуго абун.**

ТIабарияс Абубакар асхIабасдаса хIадис бицана: *Аллагьасул расулгун цадахъ дун нохъокь вугеб мехалъ, нижеда хадур рачIарал мушриказул хIатIал нижер бутIрузда гIагарлъун рукIана. Дица аварагасда абуна: «Я расулаллагь! Гьазул цояс хIетIе тIаде борхани гьазда нилъгъ рихьила гурищ?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я Абубакар! Дуда щибжо ракIалда кколеб кIиго чиясул хIакъалъулъ, жидер лъабабилевлъун Аллагь вугел?»*-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIаб аварагасе зарал ккеялда хIинкъун вукIана, хирияв аварагас гьесул ракI парахат гьабуна Аллагь вуго нилъгун цадахъ абун.


**Аллагьас (عز وجل) жиндир расуласда гIодов виччай ва парахалъи рещтIинабуна. Мушриказда рихьичIел малаикзабиги рещтIинаруна авараг цIунизе. Гьел капурзабазул рагIиги Аллагьас гIодобгIан гьабуна,** гьелдалъун мушрикалги ширкги хIакъир гьабуна. **Аллагь цо гьавулеб «лаилагьа иллаллагь»- абураб калима буго жиб тIадегIанаб рагIи.** Гьеб рагIиялдалъун Аллагьас муъминзаби тIадегIан гьаруна, гуч бугелги гьаруна**. Аллагь вуго жиндир амруялъулъ гуч бергьарав хIаким.**

==========

Абугьурайратидасаги (ра) хIадис бицана.

***Бичасул Расулас ﷺ нижедехун абуна: «Нужеца цIакъ яхI бахъе ритIухълъиялда чIчIезе!*** *(гIорхъолъан рорчIун захIмалъиги гьабичIого, такъсир-кIарччанлъиги гьабичIого).* ***Ва нужеца гьабураб гIамал битIун ккеялдаги яхI бахъе!*** *(ай хIакъаб жо гьабулаян абун батIулаб жоялъулъ ккезе чIоге),* ***ва нужедаги лъай нужер цонигияв жиндир гIамалалдалъун гIазабалдаса хвасарлъулареблъи!» – абун.***

***АсхIабзабаз (ра) абуна мунги хвасарлъуларищ я Расулаллагьи- абун. Аварагас ﷺ абуна: «Дунги хвасарлъуларо Аллагьас (عز وجل) жиндирго рахIматалдалъун ва цIобалдалъун дун вахчизавун гурони»-абун.***




**4I. Нуж гьазават гьабизе къватIире рахъа я гьал муъминзаби, рекIун ругониги, лъелго ругониги, гIолохъанал ругониги кIодолъарал ругониги.** Мискинал ругониги бечедал ругониги, бигьалъи бугониги захIмалъи бугониги. Нужее гьеб гьазават гьабизе цIакъго бокьун бугониги яги бокьуларого, захIмалъун бугониги. **Ва нужеца Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабе нужер напсаздалъун ва магIишаталдалъун.**

**Гьаб буго нужее лъакIаб жо, гьаб амру гьадин букIин лъалеб батани** нуж Аллагьасул ва гьесул расуласул амру тIубазе кIвахIаллъуге.

**42. Гьал мунапикъзаби жинда ахIулеб жо букIарабани аскIобго бугеб, рикIкIад ине кколареб бигьаябго сапарги букIарабани, гьел дуда нахърилъгьине рукIана МухIаммад! Кинниги, жидее цIакъ рикIкIадаблъун ва захIматаблъун бихьана гьеб сапар.** Гьедин бугелъул жидер ракIазулъ нипакъги бахчун дуе гIузрабиги рацана гьез. **Хадурги гьел Аллагьасул цIараздалъун гьедаризе руго: «жидер рес букIарабани, жалги рахъизе рукIанин нужгун цадахъ» - абун. Гьел руго жеги цIикIкIун жидер напсазе зулму гьабулел ва гьел гьалаг гьарулел гIадамал. Аллагь жинда лъалев вуго гьел мунапикъаз гьереси бицулеб букIин.** Ва гьезие щибго гIузро букIинчIеблъиги рокъор чIезе. Гьаб аяталда жанибги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ругел мугIжизатаздаса цо мугIжизат буго: Табукалда гьазаваталда вукIаго гьес бицана жал тIад руссун Мадинаялда щвараб мехалъ мунапикъзабаца абизе бугеб рагIи.

**43. Аллагь тIаса лъугьарав вуго МухIаммад, дудаса гьел мунапикъазе рокъор чIезе изну кьеялдаса. Жидеца гIузро бицараб мехалъ гьезул хIал цIехечIого ва гьереси бицуневги битIараб бицуневги чи ватIа вахъилалде цебе.**


Гьаб аяталда жаниб Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг кIодо гьави, гьесул хIурмат гьаби буго: жинда гIайиб чIвалелде цебе аварагасда лъазабулеб буго гьеб гIайиб Аллагь тIаса лъугьараб бугилан абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса ккараб жо гIайиб букIинчIо, шаргIалда хилапаб жоги букIинчIо, гьедин гьечIониги Аллагьас гьесда абулеб буго гьел мунапикъзаби ругин, тIокIав мун гьезда божуге ва хIалбихьи гьабун хадуб гурони гьезул рагIи басуге абун.

Мужагьидица абуна: гьаб аят рештIинабуна мунапикъзабазул хIакъалъулъ.Гьез жидеда гьоркьоб къотIи гьабун букIана: гъазаваталда рахъинчIого рукIине Аварагасдаса изну тIалаб гьабизе, гьес изно кьуниги, кьечIониги къватIир рахъичIого рукIине-абун.

**44. гъазаваталда рачIинчIого рокъор чIезе изно тIалаб гьабуларо МухIаммад, Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъурал гIадамаз ва жидер напсалдалъунги магIишаталдалъунги гъазават гьаби гьезие рихуларо. Жиндаса хIинкъарал муъминзабазул хIал лъалев вуго Аллагь.**

**45. Дудаса изну тIалаб гьабулел гIадамал руго Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъечIел, жидер ракIазулъ шаклъиги бугел ва щиб гьабилеб лъаларого хIайранлъун сверселел ругел.**

**46. Гьал мунапикъазе мунгун цадахъ гьазаваталда рахъине бокьун букIарабани жидеца ярагъги квен-тIехги хIадуризе букIана. Аллагьасеги бокьун букIинчIо гьел нужгун цадахъ рахъине. Гьез рагъдаги нужее хиянат гьабизе букIана ва хIинкъулел харбал рицун муъминзабазул къуват хвезабизе букIана. Аллагьас гьел кIвахIал гьаруна, гьезул къасдги хвезабуна ва гьезда абуна: «нуж рокъор рукIа руччабазда ва лъималазда аскIор» - абун.**




**47. Нужгун цадахъ гьел рачIун рукIарал ани гьез нужее цо квешлъи ва пасалъи гьабизе букIана. Нужеда гьоркьор мацI гьабун ва хъубаб хабар бицун хьвадизе рукIана нуж цо-цазде тушманлъи гьабиялде рачизе, нужер боги биххизабизе букIана. Нужеда гьоркьор гьезда гIенеккулел ва гьезул рагIи берцин бихьулел жидер иман ва гIакъло загIипал гIадамалги рукIинаан. ХIакълъунго Аллагь жинда лъалев вуго гьел мунапикъазул хIал.** Гьезул ракIазда бугеб жо лъала ТIадегIанав Аллагьасда. **48. гьез гьалдаса ццебеги гьабун букIана дуе зарал ва питна лъугьине бокьараб гIамал.** УхIудалда рагъдацин щвечIого ибну Салул абулев мунапикъ лъабнусго гIадав чиги цадахъ вачун нахъ вуссун ана. **Дур амру тIубан гутIизе, дур дин хвезабизе гIемер хIилабиги ургъана гьез. Аллагьасул квербакъи бачIун диналъе къуват щвезегIан ва гьеб исламияб дин цогидал диназдаса бергьинегIан. Ва кигIанго гьезие рихун бугониги исламияб дин загьирлъана ва бергьана.**

Ибнукасирица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Мадинаялде вачIараб мехалъ гьесда данде киналго капурал гIарабиял цоцалъ рекъон ругъулел рукIана. Ягьудиязги Мадинаялъул мунапикъазги хIалкIвараб жо гьабуна Аллагьасул дин гьукъизе абун. Ахирги исламияб дин загьирлъун цебехун ине бай бихьидал, Бадроялъул рагъда авараги бергьиндал, Ибнуубайу абулев мунапикъас абуна: «гьанже гьаб амро цебехун унеб буго»-абун. Цинги гьел загьиралда исламалде рачIана ва амма жанисан ракIал къойидасан къойиде аварагасда хIалхъублъун, ццидал цIун лъугьулел рукIана. Гьеб буго ТIадегIанав Аллагьас: «кигIанго капурзабазе риханиги» абураб рагIиялдаса мурад-абун.

**49. Гьел мунапикъзадаса цо чи вуго жиндие рокъов чIезе изно кьейин ва гьазаваталда вачун жив мунагьалда ккезавугеян абулев. Гьал гIадамал питнаялда жанир ругел руго. ХIакълъунго жужахIалъул гIазаб капурзабада сверун лъугьунеб буго.**

**50. Дуда ва муъминзабада цо лъикIлъи щвани гьел мунапикъазе рихулеб буго. дуда цо кьварилъи щвани гьел роххулел руго ва жидеца абулеб бугонижеца нижго цIунана гьав чигун цадахъ къватIир рахъичIогоян абун, ва гьел роххун, разилъун жидерго ишалде унел руго.**

**5I. Дуца жегиги гьезда абе МухIаммад, нижеда щвезе гьечIо Аллагьас хъвараб ва къадар гьабураб жо гурони. Гьев вуго нижер хан ва кIудияв. Гьев Аллагьасда таваккал тIамизе тIадаб буго киналго муъминзабада.**

**52. Дуца гьезда абе МухIмад, нужеца хъаравуллъи ккун гьечIо нижее кIиго лъикIлъи щвеялда гурони:** рагъда бергьун, Аллагьас квербакъун, гьанимат щун тIад руссин, яги шагьадат щун алжаналъул агьлолъун рукIин. **Амма нижеца хъаравуллъи ккун буго Аллагьас нужее жиндир рахъалъан гIазаб гьабиялда, яги нижер квераздалъун гIазаб гьабиялда. Нуж хъаравуллъи ккун рукIа! Нижги хъаравуллъи ккурал руго нужеда щолеб балагьалда - абун.**

**53. Дуца абе МухIаммад, гьел манапикъазда: нужеца напакъа кьуниги гьеб Аллагьас къабул гьабуларо. Нужеца ракI разилъун кьуниги яги бокьичIого кьуниги гьелъул нужее щибго мунпагIат гьечIо. Нуж Аллагьасда мутIигIлъичIел пасикъал гIадамал ругелъул.**

**54. Гьел мунапикъзабаца Аллагьасул диналъе гIоло гъазават гьабизе кумекалъе кьолеб боцIи-мал Аллагьас къабул гьабунгутIи буго, гьел рукIиналъе гIоло жидеца Аллагьасдаги**


**гьесул расуласдаги иман лъечIел. ЖамагIатгун цадахъ как базе масжидалдаги рачIунарел, цIакъ захIмалъун, кIвахIаллъун гурони.** Жидеца гьеб как гIадамазе гIоло балеб бугелъул. **Аллагьасул диналъе гIоло напакъаги кьоларел жидеда рихун, бокьичIого гурони.** Гьеб жо жидее бугеб зулмолъун рикIкIунеб бугелъул. Гьаб как баялдалъун ва напакъа кьеялдалъун жидее ахираталда кири букIинги, алжан букIинги гьезда лъалеб гьечIо. Гьел гьечIо ахираталда иман лъурал.

АлбахIро абулеб тапсиралда абулеб буго: ТIадегIанав Аллагьас как байги, напакъа кьейги цадахъ рехсана, гьаб кIиябго букIиналъе гIоло бищунго хирияб гIамал: как бай буго черхалъ гьабулеб гIамалалъул бищун хирияб, Аллагьасул диналъе гIоло боцIи-мал кьейги буго садакъабазул бищун хирияб. Гьаб кIиябго жо гьабизе кIвахIалав чи вуго мунапикълъиялъул сипат чорхалъ бугев-абун.

==========

Абугьурайратидаса (ра) хIадис бицана:

***Расулуллагьас ﷺ абуна: «Нужеца лъикIал гIамалал гьаризе хехлъи гьабе! Хадуб заманаялъ питнаби рукIине руго бецIаб сардида жал релълъарал. Радал муъминавлъун вукIарав чи къасиялде капуравлъун лъугьунеб, къаси муъминавлъун вукIарав чи радал капурлъун ватунеб, инсанас жиндир дин дунялалъул боцIиялъухъ бичунеб» - абун.*** ХIадис Муслимица (ра) бицана.




**55. Дуда цIакъаб жолъун бихьуге я гьав муъминчи, дица гьел мунапикъазе кьураб бечелъиги, гьезул лъимал-хъизанги ва мун гьелда гIажаиблъуге. Аллагьасе бокьун буго гьеб магIишаталдалъун ва лъималаздалъун гьезие дунялалдаго гIазаб гьабизе:** Гьезул лъимал муъминзабаца чIван ва гьезул боцIи-малги давлаялъе бахъун. **Ва гьезул рухIалги росизе капураллъун рукIун,** гьелдалъун ахираталда жидее гьабулеб гIазабги цIикIкIизе.

**56. Гьел мунапикъзаби Аллагьасул цIаралдалъун гьедулел руго жал нужгун цадахъ ругин,** нужецаго гIадин иман лъурал ругин абун. **Гьел нужгун цадахъ гьечIо жидер ракIаздалъун.** Гьел руго жал хIинкъун ругел гIадамал, нужеца мушрикалго гIадин жалги чIвалин абун.

**57. Гьезда батулеб ани нужедаса рорчIун кIанцIизе бакI** гьел цIунулеб, гьезие кумек гьабулеб, **яги ракьулъ гвендал ратаниги, кьурулъ нохъаби ратаниги, гьел цIакъ хехго ине ругоан гьеб бакIалде: тIурун унеб боцIиялда релълъун.**

**58. Гьездаса цо къукъа буго МухIаммад, дур садакъа бикьиялда жидеца гIайиб чIвалел. Жидее гьеб садакъаялдаса цо бутIа кьуни гьеб лъикIаблъун рикIунеб буго, кьечIого тани дуда гIайиб чIвалеб буго ва дуда ццимги бахъунеб буго.**

**59. Гьел мунапикъал рукIаралани Аллагьасги гьесул расуласги кьураб жоялда разилъун рукIунел ва жидецаги абулел: «Нижее гIей гьабулев Аллагь вуго, хадубги Аллагьасги гьесул расуласги кьела нижее жиндир рахIматалдаса. Нижер хьул лъолев ва ниже лъикIлъи щолев ТIадегIанав Аллагь вуго» - абун.** Гьеб жидее лъикIаб букIина.


**60.** Паризааб закат ва гьеб кьолеб бакI бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Садакъа жидее кьезе кколел гIадамал руго: мискинзаби, пакъирзаби, закаталда тIад хIалтIи гьабизе тарал хIалтIухъабиги, жал исламалда рачIиялда хьул лъурал гIадамалги, лагъзадериеги кьела жал тархъун ине кумек гьабун, жидеда тIад налъи бугел гIадамазеги, Аллагьасул диналъе гIоло гьазават гьабулел гIадамазеги, сапаралда ругел, жидер хIажалъи бугел гIадамазеги кьела. Гьаб буго Аллагьас гьабураб парз ва хIукму. Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва жинца хIукму-тадбир битIараб гьабулев хIаким.**

I). Мискинчи абула жиндир хIалтIи пиша бугониги, даран-базар бугониги, боцIи-панз бугониги гьеб жиндир хIажатазе гIураб къадаралъ гьечIев чиясда. Цо-цо гIалимзабаца мисал бачун абула жиндир хIажатазе нусго гъуруш харж унеб бугони жиндие кIикъоялда анцIго гъурушалдасан тIадехун нусго гъурушалда щвезегIан гьоркьоблъиялда бугеб къадар камулев чи вуго гьев абун.

2). Пакъирчи абула жиндир хIалтIи гьабизе, даран гьабизе рес гьечIев, чорхолъ гIузро бугев ва цогидалги гIузрабаздалъун жиндие хIажатаб нусго гъурашалъул кIикъоялда анцIгоялдасаги дагьаб гъуруш гурони жинда батинабизе кIоларев чиясда. Гьединго пакъирзаби абула эбел эмен гьечIел, жидер боцIи-мал гьечIел лъималаздаги, гьабизе хIалтIи щолеб бугониги гьеб хIалтIи гьабизе рес гьечIев чиясдаги.

Аллагьасе гIоло гIилму цIалулел мутагIилзаби пакъираллъун рикIкIуна гьел хIалтIи гьабизе рахъани жидер гIилму цIали холеб букIиналъ. ГIилму малъиялда ва лъазабиялда тIад чIарав гIалимчиги пакъирав вукIула: гьесие цоги харж бачIулеб бакI гьечIони ва гьесие хIажатаб жо чIезе гьабулев чи гьечIони.

**6I. Гьел мунапикъаздаса цо къокъа буго жидер мацIалдалъун аварагасе зарал гьабулел. Гьез абулеб буго авараг жинда рагIарабщинаб жоялда божулев, гьеб ритIухъ гьабулев вуго абун. Дуца гьезда абе МухIаммад, гьев авараг жив божулев вуго ва амма лъикIабги квешабги жо батIа гьабизе лъалев, битIараб хабаралда божулев, гьересиялда божуларев вуго. Жинца Аллагьасда иман лъурав вуго. Гьединго муъминзабада божулев, гьез бицараб жоги ритIухъ гьабулев вуго.** Гьезул иманалъул ритIухълъи лъан, гьезул хIал лъан. **Муъминзабазе рахIматлъунги вуго гьев авараг.** Жидеца **Аллагьасул расуласе зарал гьабулел гIадамазе букIине буго цIакъ квешаб гIазаб.**




**62. Аллагьасул цIар бахъун нужее гьедарулел руго гьел мунапикъзаби, нуж рази гьари бокьун, амма ТIадегIанав Аллагьги, гьесул расулги вуго жал рази гьаризе кколел. Гьел гIадамал иман лъурал ругони,** гьез Аллагьги гьесул расулги рази гьаризе ккола, хадуб муъминзабиги рази гьаризе ккола.

**63. Гьазда лъаларогойищ бугеб Аллагьасдаги гьесул расуласдаги тушманлъи гьабурал, гьезда данде къецандарал гIадамазе абадияб жужахIалъул цIа букIин ва гьенир жанир даимго рукIинелъун лъугьинарулеблъиги. Гьаб буго цIакъ кIудияб гIодобегIанлъи ва хIакъирлъи.**

**64. Мунапикъзаби хIинкъунги рукIула жидер хIал бицун Аллагьас Къуръан рештIинабиладай ва жидер рекIелъ бугеб напикъ гIадамазе загьирлъиладай абун. Дуца гьезда абе МухIаммад, нуж рукIа Аллагьасул дин махсароде гьабулел абун, Аллагьас загьир гьабизе буго нуж жиндасан хIинкъун ругеб жо.**

**65. Дуца гьезда гьикъани щай нужеца Аллагьасул диналдаса хабар бицунеб абун, гьез абизе буго ниж гьадинго хабар бицунел, рекIел гъей гьабулел рукIанин абун. Дуца гьезда абе МухIаммад, нуж Аллагьасдалъун, гьесул Къуръаналдалъунги, гьесул расуласдалъунги рекIел гъей гьабулелищ ругел, гьел махсароде гьарулел харбалги рицун? - абун.**

**66. Нужеца гьанже гIузраби рачуге! Нуж руго иман лъун рукIун хадур капурлъарал гIадамал. Нужер цо къокъа жидеда тIаса лъугьун таниги:** жидеца тавбо гьабурал ва Аллагьасе бацIцIадаб дин гьабиялда руссарал**, цогидаб къокъаялъе гIазаб гьабила. Гьеб къокъа жидерго нипакъалдалги Аллагьасда гIасилъиялдаги тIад чIей сабаблъун.**

**67. Киналго мунапикъзаби: бихьиналги руччабиги цоцазул гьудулзаби руго, цоцалъе рекъаралги руго жидер нипакъалъулъ ва иман бахъиналъулъ. Квешаб жоялдалъун жидеца амру гьабулел руго ва лъикIаб жо гьабиялдаса жидеца гIадамал нахъчIвалелги руго. Аллагьасул**

**диналъе гIоло напакъа кьеялдаса жидеца кверал ккурал** (гьеб кьоларел) **руго. Гьезда Аллагь кIочана ва** гьесие мутIигIлъи ва гIибадат гьаби тана. **Аллагьасда гьелги кIочана ва жидер къосиналъулъ тана,** жиндир рахIматалдаса ратIа гьаруна. **ХIакълъунго мунапикъзаби руго Аллагьасе мутIигIлъиялдаса рахъарал пасикъзаби.**


**68. ТIадегIанав Аллагьас къотIи гьабун буго мунапикъал бихьиназеги, руччабазеги, гьединго киналго капурзабазеги жужахIалъул цIа букIине бугилан ва гьел даимго гьенир жанир рукIине ругилан. Гьезие гIураб гIазаб буго гьеб жужахIалъул гIазаб ва гьелдаса цIикIкIараб цоги гIазаб гьечIо. Аллагьас гьел рикIкIад гьаруна жиндир рахIаматалдаса ва гьел даимго жужахIалда жанир рукIунеб гIазабги буго гьезие.**

Ибнужаририца ХIибан бину Зайдидаса хабар бицана: ниж гъазаваталда рахъана Синван бину ГIамр асхIабгун цадахъ. Гьев Сириялъул ХIимс шагьаралъул вали вукIана. Дида гьеб гъазаваталда вихьана Димишкъ шагьаралдаса цо цIакъ херав чи, жиндир кьунсрулги бадир жанир рортарав. Дица гьесда абуна: «Я дир инсул вац! (кIудияв чиясда хитIаб гьабула гIарабияз гьаб ргIиялдалъун) Аллагьас дуе гIузро бачун буго гурищ? Мун рокъов вукIине лъикI гьечIиш?»-абун. КIудияв чияс абуна: «Я дир вацасул вас! Аллагьас нилъ гъазаваталда рахъа абун буго гIолохъанал ругониги херал ругониги. Аллагьас жиндие вокьарав чиясул хIалбихьи гьабула цо къварилъиялдалъун, цинги гьев рагъда хвечIого тIад вуссун вачIун цогиги гъазават гьабизе уна. ТIадегIанав Аллагьас хIалбихьи гьабула гьесул лагъзадерил жинца щукру гьабулев, сабру гьабулев, Аллагь гIемер рехсолев, цохIо Аллагьасе гурони жинца гIибадат гьабичIев чиясул»- абун.

==========

Абугьурайратидаса (ра) хIадис бицана:

***Аварагасухъе ﷺ цо чи вачIана ва гьес абуна: Я Расулаллагьи! Кинаб садакъа бугеб бищунго ажру-кири цIикIкIараб? - абун. Аврагас ﷺ абуна: «Дуца садакъа кьей буго мун сах-саламатго, боцIи-мал бокьун, мискинлъиялдаса хIинкъун, бечелъиялда хьул лъунги вукIадго. Воре дуца садакъа кьей нахъе бахъунге, дур рухI шокъробе бахараб мехалъ дуца абизе: гьаб жо пуланасе кье, гьаб жо цоги пуланасе кье абун ва гьеб дур боцIиги цогидал бетIергьанаблъун лъугьун бугеб хIалалъ»-абун.***




**69. Нужедаса ццере рукIарал умматазул капурзабада релълъун буго, я гьал мунапикъзаби, нужер хIал. Гьел рукIана нужедасаги магIишат, лъимал-хъизан гIемерал ва жидер чурхдул къуватал. Гьел цересел капурзабаз дунялалъул лазатал росана жидее Аллагьас (عز وجل) къадар гьабураб хIалалъ. Нужецаги дунялалъул лазат босана дол ццересез босараб гIадин. Дол цересел капурзабиго гIадин нужги лъугьана батIулаб жоялъулъ ва къосиналъулъ.**

**Гьел капурал ва мунапикъал гIадамал руго жидер гIамалал дунялалдаго гIадада хварал ва ахираталда жидее жужахI бугел. Гьел гIадамал руго тIубанго чIорого хутIарал ва бахьикъосарал.**

**70. Гьазухъе бачIинчIищ жидеда цере рукIарал умматазул къиссаби: НухIил къавмалъул, ГIадилазул, Самудазул, Ибрагьимил къавмалъул, Мадяналъул агьлоялъул, ЛутIил къавмалъул.** Кин гьел Аллагьасда гIасилъарал ва кинаб батIи-батIияб гIазаб Аллагьас жидее гьабурабги. Гьелъул пикру кин гьабулареб ва Аллагьасдаса хIинкъун тавбо гьабун щай руссунарел.

**Гьел умматазухъ жидер аварагазаби рачIана Аллагьасул рахъалъан хIакъал хIужаби ва мугIжизатал росун, амма гьез гьел гьереси гьаруна. Аллагь вуголъичIо жинца зулму гьабулевлъун ва щибго сабаб гьечIого жиндир лагъзадерида гIазаб биччалевги. Гьел умматал жалго руголъана жидерго напсазе залму гьабураллъун.** Аллагьасда инкар ккуна, аварагасда

мутIигIлъичIо, ракьалда пасалъаби ва гIасилъаби гьаруна. Гьал мунапикъал ва капурал гIадамал сунда божун ругел ва гьел кин хIинкъуларел Аллагьасда гIасилъизе. Аллагьасул ццим бахъи жидеда щвараб мехалъ гьезие хвасарлъи букIине гьечIолъи хIакъаб буго.

**7I. Муъминал бихьинал ва муъминал руччаби цоял цоязе вализаби руго. Жидеца лъикIалдалъун амру гьабулел, квешалдаса нагью гьабулелги руго. Жидеца паризаял какал ралел ва паризаяб закат кьолел руго. Аллагьасе (عز وجل) ва гьесул расуласе ﷺ мутIигIалги руго. Гьал муъминзаби руго жидеда ахираталда Аллагь (عز وجل) гурхIулел. ХIакълъунго Аллагь вуго жив гучав, киневго жоялдаса жив бергьунев ва жиндаса щивго бергьунарев. Жинца гьабулеб жоялъул гIадло битIарав хIикмат камилавги вуго.**


**72. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) къотIи гьабун буго киналго муъминзабазе: бихьиназе ва руччабазе алжанал рукIине ругин, жидеда жанисан гIорал чвахулел, даимго рукIинелъун гьел алжаналъуре лъугьинарула. ЛъикIал, берцинал, жанир чIолел бакIалги руго гьел алжаназулъ. Гьаб киналдасаго кIудияб, жинда хьул лъолеб жо Аллагь (عز وجل) разилъи ва** Гьев вихьиги буго. **Гьаб буго цIакъ кIудияб бахьибуголъиялда ва хиралъиялда квершел бати.**

Гьаб тIадехун бугеб Аллагь разилъиялдаса мурад буго хирияв Аллагьас жиндир гьумер ва зат жиндие рокьарал муъминзабазе загьир гьаби. ТIадегIанав Аллагьас жиндир гьумер жидее загьир гьабурал муъминзаби, кинабго жо кIочон, кидадай гьеб гьумер гьанжеги загьирлъилаян гIашикълъун хутIула.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Аллагьасул гьумералде ралагьиялдаги гьел муъминзабадаги гьоркьоб бугеб жо букIуна цохIо Аллагьасул кIодолъиялъул пардав»* - абун. Ай: ТIадегIанав Аллагьас жиндие бокьараб мехалъ згьир гьабула муъминзабазе жиндир гьумер.

Гьединабго машгьураб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Алжаналда жаниб буго нусго батIияб даража, щибалда гьоркьоб зоб-ракьалда гьоркьобгIан манзил бугеб ва жибги Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабурал мужагьидазе хIадур бугеб. Нужеца Аллагьасда алжан гьарулеб мехалъ Пирдавс алжан гьаре. Гьеб буго алжаназул бищунго тIадегIанаб ва гьоркьоб бакIалда бугеб. Гьелдаса байбихьула алжаназул гIораз (цогидал алжаназда чвахулел). Гьеб алжаналда тIад буго Аллагьасул гIарш»*- абун.

Муслимица ва Бухарияс бицараб мащгьураб хIадисалдаги буго: *«ТIадегIанав Аллагьас алжаналъул агьлуялда абула: Я гьаб алжаналъул агьлу - абун. гьез жаваб гьабула «Лаббайка я нижер БетIергьан» абун. Аллагьас абула: «Нуж рази ругищ гьаб ажруялда»- абун. Жидеца абула: «Кин ниж разилъуларел я БетIергьан, дуца нижее кьунги букIадго щивго чиясе кьечIеб гIемераб ажру ва кIодолъи» абун. Аллагьас абула: «Гьелдасаги лъикIаб жо кьелишха дица нужее?»- абун. Гьез абула: «Я нижер БетIергьан! Щиб жо бугеб гьалдасаги лъикIаб?»- абун. Аллагьас абула: «Дица нужеда дун разилъи решIизабила, цинги дир нужеда ццимги бахъунаро гьелдасан хадуб кидаго»-абун.*




**73. Я гьав бичасул авараг (عز وجل)! Дуца жигьад гьабе капурал ва мунапикъал гIадамазда. Дуца гьезие къуваталда чIван, хIинкъизарун, лъутизарун, хIал гьабе, гуч гьабе. Гьезул ахир руссулеб бакI жужахI буго. Гьеб цIакъ квешаб бакI буго жинда жанир руссине.**

**74. Аллагьасул цIар бахъун жал гьедулел руго жидеца капурлъулел ругIаби абичIи, гьез гьел рагIабиги абун рукIаго. Жидеца ислам къабул гьабун хадуб цIидасан купруги загьир гьабуна ва гьез къасд гьабуна жидер хIал кIолареб жо гьабизе.** Табукалдаса нахъ руссун хадур мунапикъазул цо къокъа ургъун букIана жидеца Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг чIвазе абун. **Гьал мунапикъазда щибго аварагасдаса бихьараб квешлъиги**

**букIинчIо, Аллагьасул цIобалдалъун гьесги, гьесул расуласги гьел бечед гьарун рукIин гуреб. Жедеца тавбо гьабуни гьезие лъикI букIина. Тавбоги гьабичIого аварагасда данде хIилла-макро гьабизе ургъулел ругони Аллагьас гьезие квешаб гIазаб гьабила дунялалдаги ахираталдаги. Гьаб ракьалда тIад гьезиги гьечIо жинца гьезул амру тIаде босулев, гьеб тIобалев вали ва жинца квербакъулев чи.** Дунялалъул гIазабалдаса гьел хвасар гьарулев чи гьечIо, ахираталъул гIазабалдаса гьел цIунулев чиги гьечIо.

Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабас абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг витIана ункъго хвалченги босун. Цо хвалчен буго мушриказе: рагъ хIарам гьабурал моцIал аралго нужеца мушрикал чIвай-абураб.

КIиабилеб хвалчен буго китабияб агьлуялъул капурзабазе: нужеца рагъ бай Аллагьасдаги, ахираталдаги иман лъоларел гIадамазда-абураб.

Лъабабилеб хвалчен буго мунапикъазе: нужеца жигьад гьабе мунапикъазда ва капуразда-абураб. Ункъабилеб хвалчен буго бугъатазе (имамасда данде рахъарал гIадамал): нужеца бугъатазда рагъ бай, гьел Аллагьасул амруялда руссинегIан-абураб. Ай ункъо аят буго ункъо батIияб къокъаялда рагъ баян амру гьабулеб.

**75. Гьел мунапикъаздаса руго жидеца къотIи гьабурал Аллагьас нижее боцIи кьуни нижеца гьеб садакъаде кьела ва нижги лъикIал гIадамаздаса рукIилин абун.**


**76. Цинги Аллагьас жиндир цIобалдалъун боцIи кьураб мехалъ жал гьелда бахиллъарал, закат-сахI кьечIел ва жал диналдаса руссун чIарал, къотIи тIубаялдасаги мугъ барал.**

**77. Аллагьас гьезул ракIазулъ нипакъ гьабуна къиямасеб къо щвезегIан тIаса унареб, Аллагьасе гьабураб къотIи хвезаби сабаблъун ва гьез гьереси бицин сабаблъунги.**

**78. Гьал мунапикъазда лъаларищ Аллагь вукIин жинда гьезул балъгояб, рекIелъ бугеб жоги лъалев, жидеца цоцаде шурун бицулеб жоги лъалев. ХIакълъунго Аллагь жинда нилъер беразда бихьулареб, гIиналда рагIулареб, ццебехун букIараб ва нахъа букIинесебги жо лъалев вуго.**

**79. Аллагь разилъи тIалаб гьабун жидеца садакъа кьолел муъминзабадехун жидеца гIайибал чIвалел гIадамал: жидер рес рекъараб, дагьаб жо бугониги гьеб садакъаде кьолездаги гIайиб чIвалел ва гьезда тIад релъун махсаро гьабулел - гьал гIадамазе Аллагьас гьел гIодорегIан гьарулеб махсаро гьабизе буго ва гьезие ахираталда цIакъ унтизабулеб гIазаб букIине буго.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса бицана: жинда Аллагь разилъаяв ГIабдурахIман бину ГIавп вачIана аварагасухъе кIикъого меседил авкъиятги босун (цо килаграмги бащадабги). Цо Ансариявги вачIана чамастакил цо сахI босун. Цинги мунапикъазул цо къокъаялъ абуна: «гьев ГIабдурахIман вуго рияалъе, реццалъе месед кьолев чи» абун. Жинца чамастак босун вачIарав ансариясул хIакъалъулъги гьез абуна: «гьаб цо сахI чамастак Аллагьасеги, гьесул расуласеги щиб гьабизе къваригIараб жо бугеб»-абун. Гьал мунапикъазул хIакъалъулъ рештIинабуна гьаб цебе хъвараб аят.


الجزء العاشر سورة التوبة
أستغفر لهم أو لا تستغفر لهم إن تستغفر لهم سبعين مرة
فلن يغفر الله لهم ذلك بأنهم كفروا بالله ورسوله
والله لا يهدي القوم الفاسقين ﴿٨٠﴾ فرح المخلفون بمقعدهم
خلف رسول الله وكرهوا أن يجاهدوا بأموالهم وأنفسهم
في سبيل الله وقالوا لا تنفروا في الحر قل نار جهنم أشد حرا
لو كانوا يفقهون ﴿٨١﴾ فليضحكوا قليلا وليبكوا كثيرا جزاء
بما كانوا يكسبون ﴿٨٢﴾ فإن رجعك الله إلى طائفة
منهم فاستأذنوك للخروج فقل لن تخرجوا معي أبدا ولن
تقاتلوا معي عدوا إنكم رضيتم بالقعود أول مرة فاقعدوا
مع الخالفين ﴿٨٣﴾ ولا تصل على أحد منهم مات أبدا ولا تقم
على قبره إنهم كفروا بالله ورسوله وماتوا وهم فاسقون
﴿٨٤﴾ ولا تعجبك أموالهم وأولادهم إنما يريد الله أن يعذبهم
بها في الدنيا وتزهق أنفسهم وهم كافرون ﴿٨٥﴾ وإذا
أنزلت سورة أن آمنوا بالله وجاهدوا مع رسوله استأذنك
أولوا الطول منهم وقالوا ذرنا نكن مع القاعدين ﴿٨٦﴾
٢٠٠

**80. Дуца гьезул мунагьал чури тIалаб гьабуниги МухIаммад, тIалаб гьабичIониги щибго батIалъи гьечIо. Лъабкъоялда анцIго нухалъ** (ай гIемер нухалъ) **дуца гьезул мунагьал чури тIалаб гьабуниги Аллагь гьездаса тIаса лъугьинаро. Гьел руго Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги инкар ккурал гIадамал. Аллагьас битIараб нухда тIобитIуларо гьединаб пасикъаб къавм.**

**8I. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараггун цадахъ Табукалъул гьазаваталда инчIого рокъор чIарал мунапикъзаби гьеб ишалдасан роххун руго. Гьезие рихулебги буго, бокьун гьечIо, Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабизе жидер напсаздалъун ва боцIи-малалдалъун. Гьез абулеб буго гьаб багIарараб, бухIараб заманалъ гьазават гьабизе унге абун. Дуца абе МухIаммад, жужахIалъул цIаялъул бухIи ва багIари цIакъго цIикIараб бугоян абун. Жидеда гьеб жо бичIчIулеб букIараб ани гьел авараггун цадахъ гьазаваталде рахъинаан.**

**82. Гьел роххун, релъун, ракI гъун рукIа абе дагьабго заманаялъ, амма хадур жал гIодизе руго гIемераб заманаялъ гьаб дунялалда жидеца гьабураб купру - ширкалъул жаза чIамулаго.**

**83. ТIадегIанав Аллагьас мун гьаб гьазаваталдаса тIад вуссинавун гьел мунапикъазде аскIов щвараб мехалъ, гьез дуда гьарани жал цадахъ рахъине изно кье абун, цоги нухалъ мун гьазаваталда вахъунеб мехалъ, дуца гьезда абе МухIаммад, нуж кидаго рахъунге дунгун цадахъ гьазават гьабизе ва нужеца кидаго Аллагьасул тушбабазда рагъги баларо дунгун цадахъ рахъун.** Нужее гьеб хиралъи букIине гьечIо ва нуж гьелдаса махIрумлъарал руго. **Нужеда амру гьабураб мехалъ Табукалъул гьазаваталда рахъаян абун, нужее бокьана рукъор гIодор чIун чIезе. Гьанже нуж гIодорчIун рукIа руччабигун ва лъималгун цадахъ» - абун.**

**84. Дуца как баге МухIаммад гьел мунапикъазул цониги хварав чиясда, мун гьезул хабазда аскIов вахъунги чIоге. Гьел гIадамал руго жидеца Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги иман лъечIел, Аллагьасда гIасилъун ва пасикъаллъун хваралги руго.**


ИбнухатIибица абуна: ТIадегIанав Аллагьас муъминзабада лъазабуна капурзабада жаназаялъул как баге абун. Гьеб как муъминзабазул хварав чиясда базе паризояб буго, гьев чи лъикIав вугониги, квешав вугониги, жал бугъатал гьечIони (имамасда данде рахъарал) цIакъго къосарал, шаргIалдаса рахъарал гIамалал гьарулел чагIиги гьечIони. Шагьидлъун хварасда баларо как, гьесул жаназаги чуруларо: гьесда тIад бугеб биги чороклъиги бугеб хIалалъ тола. Аллагьас гьев къиямасеб къоялъ гьеб хIалалда тIадеги вахъинавула: гьев хира гьавун ва гьесул дунялалда букIараб макъам халкъалда загьир гьабун.

Хварав чиясда как баялдаса мурад буго мунагьал чури гьарун. гьесие дугIа гьаби. Гьав шагьид жиндир мунагьал чурарав, жиндие алжаналъул рохел бицарав вугелъул, бачIого тола гьесда жаназаялъул как»-абун.

Унтарасда ваккизе ин, хварав чи чури гьесда мусру бан хIадури, хадуб жаназалъул как бай, хабалазулъ воси гьенив вукъи, хадубги гьесул хобалда аскIор чIун дугIа гьаби гьесда тIаса лъугьи гьарун ва мункар накирасе жаваб кьезе тавпикъ гьабе абун. Гьал киналго умурал руго муъминзабаца цоцае гьаризе тIадал ва гьел гьариялдалъун жидее гIемераб ажро-даражаги щолел.

**85. Мун гIажаиб гьавуге МухIаммад, Аллагьасул тушбабазе кьун бугеб боцIи-малалъ, гьезул васал-хъизаналъги. Аллагьасе бокьун букIула гьезие гьеб кинабго жо дунялалъул гIазаблъун ва къварилъилъун сверизабизе, цинги гьел жидер купру-ширкалдаго хвезарун ахираталдаги гьезие абадияб жужахIалъул гIазаб гьабизе.**

**86. Аллагьас сурат рештIинабураб мехалъ нужеца Аллагьасда иман лъе ва гьесул расулгун цадахъ рахъун жигьадги гьабе абун, гьел мунапикъазул рес-махIал бугел, сахал гIадамаз дуда**




**абуна нижее рокъор чIезе изно кье абун. Ниж руччаби лъималгун херал, беццал, загIипал гIадамалгун цадахъ рокъор те абун. 87. Гьел сахал бихьинал разилъулел руго гьал загIипал гIадамалгун цадахъ рокъор чIезе. Гьезул ракIазда жагьлуялъул мугьро чIван буго ва гьел жо бичIунарел руго.**

**88.** Гьал мунапикъзаби рокьор чIунилан Аллагьасул диналъе щибго зарал букIунаро. **Хирияв аварагас ва муъминзабаца Аллагьасе гIоло жигьад гьабуна жидер боцIи-малалдалъун ва жидер напсаздалъун. Гьал руго жидер ният бацIадал, иман камилал гIадамал, гьезие буго гIемераб лъикIлъи:** дунялалъул рокъоб тушманасда тIад бергьин, гьанимат щвей Аллагьасул дин цебехун ин. Ахираталда Аллагь разилъи ва алжаназул нигIматалги. **Гьал гIадамал руго жидер дунял ахираталъул бахьибуголъиялда кверел батарал, гьеб жидее щварал.**

**89. ТIадегIанав Аллагьас гьазие къачIан хIадурун руго жидеда жанисан гIорал чвахулел алжанал.** Лъималъул, рахьалъул, жадул ва гьацIул. **Даимго рукIинелъун лъугьине гьарула жал гьел алжаназулъ ва гьеб буго цIакъ кIудияб хиралъи-тIокIлъи.** Гьалдаса тIадехун цоги жоялда хьул лъолареб буго гьаб Аллагьасул ажро ва жаза.

**90. ГIарабиязул цоги мунапикъзаби рачIана жал рокъор чIезе изно кье абун цо-цо гIузру бицун.** Хъизан кIудияб буго абун, напакъа-сахI гьечIо абун. **Цоги къавм жидеца изного тIалаб гьабичIого гIодор чIун чIана гъазаваталда рахъинчIого. Гьал руго жидеца Аллагьги аварагги гьереси гьавурал гIадамал. Гьал къавмазул капурзабада цIакъ унтизабулеб гIазаб щвезе буго.** Дунялалдаго чIван, асир гьарун инжит гьаризе руго. Ахираталда жужахIалда рехун цIадул гIазабги гьабизе буго.

**9I. Жал загIипал, унтарал гIадамазда, жидер напакъа-сахI гьечIел, ярагъ чу гьечIел гIадамазда мунагь гьечIо, жал Аллагьасдаги, гьеул аварагасдаги мутIигIлъун ругеб мехалъ.** Жидеца цогидал гIадамал гъазаваталдаса нахъги чIвачIеб мехалъ, хъулухъ гьечIел харбал рицун питнаги гьабичIеб мехалъ. **Гьал лъикIал гIадамазда гIайиб чIвазе нух гьечIо. ХIакълъунго Аллагь вуго жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев.**

**92. Ва гьел муъминзабадаги гIайиб гьечIо гъазаваталда рахъичIин абун, жалго духъе рачIарал жидее ярагъ матахIалдалъун кумек гьабейилан ва рекIунеб жо балагьейилан. Цинги дуца жидеда абурал: «Дида батулеб гьечIо нуж рекIине гьарулеб жо ва нужее гьабизе кумек» - абун. Жал нахъе руссун арал ва жидер бералги магIид чваххулел рукIарал,** жал пашманлъун жидее Аллагьасул нухалда гъазават гьабизе рес щвечIо абун **ва гьеб гъазават гьабиялъе гIоло кьезе жидер боцIи-малги гьечIо абун.**

Гьаб аят рештIинабуна Аллагь разилъаяв ансариязул анкьго чиясул хIакъалъулъ. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе жал рачIарал ва жидеца абурал: «Нижеца Аллагьасе къотIи гьабун букIана мунгун цадахъ гъазаваталда рахъине, гьанже нижее тIад рекIине жо батулеб гьечIо. Дуца нижее кумек гьабе ва ниж цадахъ раче»-абун.

Жинда Аллагь разилъаяв Анасица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Мадинаялда цо гIадамал руго нуж жанир лъугьараб кIкIалахъ ва нуж хьвадулеб нухалда нужгун цадахъ ругел»-абун. АсхIабзабаца абуна Мадинаялдаги рукIадгойищ абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «У! Гьел руго гIузро букIун рукъор хутIарал»*-абун.


**93. ГIайиб чIвазе нух буго гьел бечедал гIадамазда, жидеца дудасан рукъор чIезе изно тIалаб гьабурал. Руччабигун цадахъ рукIине жалги разилъарал. Аллагьас гьазул ракIазда чIван буго**

**жагьиллъиялъул ва ахIмакълъиялъул мугьру ва гьезда лъалеб гьечIо** жидеца гьабулеб гIамалалъул хIалихьалъи ва инжилъи.

==========

Зубайр бину ГIадийи абулев табигIиназул чиясдаса бицана, Аллагь жинда гурхIаяв:

***Ниж Анас (ра) асхIабасухъе рачIана ва гьесда зигара гьабуна ХIажжаж абулев чияс нижее гьабулеб бугеб къварилъиялъул. Нижеда Анасица (ра) абуна: «Нужеца сабру гьабе! ХIакълъунго гьанже замана бачIизе гьечIо, жинда хадуб бачIунеб замана жиндаса квешаб букIун гурони, нуж БетIергьан Аллагьасде данде чIвазегIан. Дида гьаб рагIи нужер аварагас ﷺ абулеб рагIана»-абун.***




**94. Табукалдаса нахъе руссун нуж рачIараб мехалъ гьал мунапикъзаби рачIине руго жидер гIузро бицине. Дуца гьезда абе МухIаммад, нужеца гIузро бицуге,** ниж нужеда божуларо щиб жо нужеца бицаниги**. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас нижее баян гьабун буго нужер мунапикълъи ва нужеца рекIелъ бахчун бугеб чороклъи ва хIалхъублъи. Хадубги Аллагьасе ва гьесул расуласе бихьизе буго нужер инжитаб ва къабихIаб гIамал.** Нужеца тавбо гьабулареблъиги. Ахираталда нуж руссине руго жинда балъгоябги жо загьирабго гIадин лъалеб БетIергьан Аллагьасде**. Цинги нужеда бицине буго нужеца дунялалда гьабулеб букIараб кинабго гIамал,** гьеб хъварал кагътал кодоре кьун, жидерго лугбуца нугIлъи гьабун.

**95. Нуж тIад руссун рачIараб мехалъ гьел мунапикъзаби Аллагьасул цIар бахъун нужее гьедизе руго гьересиял гIузраби рицун нужеца жидее гIакъуба гьабиялдаса хIинкъун. Нуж гьездасан русса, гьезда ццим бахъун ва гьел сан гьаричIого, гьез купруги нипакъги тIаса бищун бугелъул.** Гьезулгун калам гьабиги те салам кьейги те. **Жидер батIин хъубал, нажасал жалазда релълъарал чагIи руго гьел. Гьезул ахир руссунеб бакIги жагьанама буго жидеца гьаб дунялалда гьабураб гIамалалъе жазалъун.**


**96. Гьел нужее гьедарулел руго нуж рази гьаризе бокьун. Нуж разилъунилан гьезие щибго хайирги гьечIо. ХIакълъунго Аллагь жив разилъуларев вуго пасикъаб къавмалда ва гьезул къабихIал пишабазда.**

**97. ГIалахалда гIурал, гьенир чIарал гIарабиял цIакъго гучал руго нипакъалъул ва купруялъул рахъалъан. Гьезда лъачIого букIине рекъараб буго Аллагьас жиндир аварагасда рештIинабураб шаргIалъул хIукмаби ва гIорхъаби. Аллагь вуго жиндир халкъалъул хIал лъалев ва гьезул умуразда тадбир гьабиялъулъ хIакимав.**

БахIро абулеб тапсиралда абуна: гьезул купру ва нипакъ гучаб букIиналъе гIилла буго жал чIухIарал рукIин ва тIадагьал рукIин (гIакъло камилал гурел). Гьел гIурал рукIун гIадамаздаса батIаго, алахалдав: жидеда жо малъулев мугIалим гьечIого, гьел куцулев чиги гьечIого жидеего бокьухъин рукIана гьел. ГIалимзабадаса ва Къуръан хIадисалдаса жал рикIкIадал рукIиналъ жидеца бицунеб жоги купру- ширкалда жал кколеб букIана-абун.

АгIмашица бицана: цо агIрабияв (росулъан вачарав гIарабияв) гIодов чIана Зайд бину СавхIан асхIабасда аскIов, гьев жиндир гьалмагъзабазе хабар бицунев вугеб мехалъ. Гьав Зайдил квегIаб квер букIана Нагьавандалда гъазаваталда вукIун ругъун шун жиб къотIараб. АгIрабияс абуна: «валлагьи, дур хабар цIакъ гьуинаб буго, амма гьаб дур квералъ дун шакдаризавулев вуго» - абун. Зайидица абуна: «шай мун шакдаризе гьавулев дир квералъ, гьеб квегIаб квер букIингун цадахъ?» – абун. АгIарабияс абуна: «валлагьи, дида лъаларо цIогьорасул кваранаб квериш къотIулеб, квегIаб квериш къотIулеб» – абун. Цинги Зайдица абуна: «Аллагь цIакъ битIараб бицарав вуго гьаб аят рештIинабун: агIрабиял гучал руго купро нипакъалъул рахъалъ абун.

**98. Гьел гIарабияздаса цо гIадамал руго жидедаса тIалаб гьабулеб закат ва сахI гIакIалъун, жидее зулмулъун бихьулел ва кидадай нужеда цо къварилъи-балагь щвела абун хъаравуллъи ккун ругел. Гьезда бачIине буго цIакъ квешаб къо. Аллагь (عز وجل) жинда ргIулев вуго гьез бицунеб жо ва жинда лъалев вуго гьезул гIамал - пиша ва ракIалда бугеб нифакъ.**




وَٱلسَّٰبِقُونَ ٱلْأَوَّلُونَ مِنَ ٱلْمُهَٰجِرِينَ وَٱلْأَنصَارِ وَٱلَّذِينَ
ٱتَّبَعُوهُم بِإِحْسَٰنٍ رَّضِىَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا۟ عَنْهُ وَأَعَدَّ
لَهُمْ جَنَّٰتٍ تَجْرِى تَحْتَهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا
ذَٰلِكَ ٱلْفَوْزُ ٱلْعَظِيمُ ﴿١٠٠﴾ وَمِمَّنْ حَوْلَكُم مِّنَ ٱلْأَعْرَابِ
مُنَٰفِقُونَ ۖ وَمِنْ أَهْلِ ٱلْمَدِينَةِ مَرَدُوا۟ عَلَى ٱلنِّفَاقِ لَا تَعْلَمُهُمْ ۖ
نَحْنُ نَعْلَمُهُمْ ۚ سَنُعَذِّبُهُم مَّرَّتَيْنِ ثُمَّ يُرَدُّونَ إِلَىٰ عَذَابٍ
عَظِيمٍ ﴿١٠١﴾ وَءَاخَرُونَ ٱعْتَرَفُوا۟ بِذُنُوبِهِمْ خَلَطُوا۟ عَمَلًا صَٰلِحًا
وَءَاخَرَ سَيِّئًا ۗ عَسَى ٱللَّهُ أَن يَتُوبَ عَلَيْهِمْ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ
﴿١٠٢﴾ خُذْ مِنْ أَمْوَٰلِهِمْ صَدَقَةً تُطَهِّرُهُمْ وَتُزَكِّيهِم بِهَا وَصَلِّ عَلَيْهِمْ ۖ
إِنَّ صَلَوٰتَكَ سَكَنٌ لَّهُمْ ۗ وَٱللَّهُ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١٠٣﴾ أَلَمْ يَعْلَمُوٓا۟ أَنَّ
ٱللَّهَ هُوَ يَقْبَلُ ٱلتَّوْبَةَ عَنْ عِبَادِهِۦ وَيَأْخُذُ ٱلصَّدَقَٰتِ وَأَنَّ
ٱللَّهَ هُوَ ٱلتَّوَّابُ ٱلرَّحِيمُ ﴿١٠٤﴾ وَقُلِ ٱعْمَلُوا۟ فَسَيَرَى ٱللَّهُ عَمَلَكُمْ
وَرَسُولُهُۥ وَٱلْمُؤْمِنُونَ ۖ وَسَتُرَدُّونَ إِلَىٰ عَٰلِمِ ٱلْغَيْبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ
فَيُنَبِّئُكُم بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿١٠٥﴾ وَءَاخَرُونَ مُرْجَوْنَ لِأَمْرِ ٱللَّهِ
إِمَّا يُعَذِّبُهُمْ وَإِمَّا يَتُوبُ عَلَيْهِمْ ۗ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿١٠٦﴾

**99. Гьел гIарабияздаса цо гIадамал руго Аллагьасдаги, ахираталдаги иман лъолел. Жидеца кьолеб напакъа - сахIги Аллагь (عز وجل) разилъи, гьесда гIагарлъи бокьун, гьединго аварагасул дугIа бокьун кьолел. Гьеб буго жидер Аллагьасда (عز وجل) гIагарлъи. Аллагьас ахираталда гьел лъугьинаризеги руго жиндир рахIматалъулъ. Аллагь (عز وجل) вуго жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев.**

**I00. Жал иман лъеялъулъ ццере ккарал, гьижра гьабизе ва аварагасе квербакъизеги ццере ккарал мугьажиралги ансаралги, цинги гьазда хадур лъикIлъи гьабиялъул рахъалъ жал нахъ регIарал цогидал мугьажирал ва ансарал, къиямасебкъо швезегIан гьеб нухалда хьвадарал киналго муъминзабиги жидеда Аллагь разилъарал руго. Аллагьасдаса жал разиялги руго жидее кьурал кIудиял нигIматазда**: иман-исламалда тIоритIиялда, ахираталда алжан кьеялдаги. **Гьал гIадамазе Аллагьас алжанал хIадурун руго, жидеда жанисан гIорал чвахулел. Даимго рукIинелъун жал гьенир жанирги лъугьинарула. Гьаб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда квершел бати.**

**I0I. Мадинаялда сверухъ ругел росабалъ руго мунапикълъи жиделъ бугел агIрабал. Мадинаялъул агьлоялда гьоркьорги руго мунапикъзаби. Жал гьеб нипакъалда кIанцIарал ва гьелда тIад чIарал.** Жидее нуж гуккун хьвадизе лъалел. **Нужеда гьел лъаларо, амма дида гьел лъала. Дица гьезие хадуб гIазаб гьабизе буго кIиго нухалъ:** нужеца рагъда чIвазе руго гьел, асир гьаризе руго, хабал гIазабги гьабила гьезе. **Цинги ахираталда гьел жужахIалъул гIазабалдаги руссинаризе руго.**

**I02. Цоги къокъа буго жидер мунагьазда мукIурлъулел, жидеца лъикIабги квешабги гIамал жубазабурал. Гьездаса Аллагь тIаса лъугьина абун хьул буго. ХIакълъунго Аллагь вуго жив гурхIулев ва жинца мунагьал рахчулев.**

**I03. Гьал жидеца тавбо гьабурал гIадамазул боцIудаса паризаяб закат босе, гьелдалъун гьел мунагьаздаса ва чороклъабаздаса рацIцIад гьарулеб, гьезул лъикIаб гIамалги гьелдалъун цIикIкIунеб. Гьел Аллагь разиял гIадамазул даражаялда рахине. Дуца гьезие дугIаги гьабе МухIаммад. Гьеб дур дугIа буго жинца гьезул ракI паракъат гьабулеб жо ва гьезие рахIмат буго. Аллагь жинда кинабго жо ргIулев ва лъалев вуго.**


**I04. гьел тавбо гьабурал гIадамазда лъаларищ ТIадегIанав Аллагь вукIин лагъзадерил тавбо къабул гьабулев, гьез кьураб садакъа, закат-сахIги босулев. Гьев Аллагь вуго жинца цIакъ тавбо къабул гьабулев ва муъминзабада жив гурхIулев.**

**I05. Дуца абе МухIаммад, нужеца бокьараб гIамал гьабе. Аллагьасда бихьизе буго нужеца гьабураб гIамал: лъикIаб бугониги квешаб бугониги. Аллагьсул расуласдаги ва муъминзабадаги бихьизе буго гьеб гIамал. Ахираталда нуж руссизаризе руго балъгоябги, тIатарабги, рикIкIадабги аскIоябги кинабго жо жинда лъалев Аллагьасда, цинги нужедаги бицине буго нужеца дунялалда гьабураб гIамал, гьелъул жазаги гьабизе буго.**

**I06. Цо мунапикъзаби руго Аллагьасул амру бачIиналъухъ ралагьун ругел.** Жидер тавбо къабул гьабизе хьул лъун ругел, жалги гъазаваталда инчIого рукIарал. **Жидее Аллагьас гIазаб гьабизеги бегьулел, гьединго Аллагьас тIаса лъугьун тезеги бугьулел. ХIакълъунго Аллагь вуго жиндир ишазулъ хIикмат бергьарав, халкъалъе маслахIатаб жо лъалев ва гьеб гьабулев.**

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: Абу ГIамр Рагьиб абулев чи вукIана жагьилияб заманалъго насраниязул дин босарав гьезул рагьиб (кашиш). Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг загьирлъараб мехалъ гьесул цIакъ ццим бахъана жиндир бетIерлъи тIасса ина букIун. Цинги гьес хирияв аварагасда абуна: дида щал гIадамал ратаниги дудехун рагъ гьабулеллъун, дун гьелгун цадахъ дуда данде вагъизе вугилан абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда цIар лъуна: абу-ГIамру Пасикъ абун.

Гьаб масжид машгьураб буго «масжидузарар) абун. Гьав «Абу ГIамр рагьиб» вуго жив малаикзабаз чурарав хIанзалат асхIабасул эмен. Нужеца пикру гьабеха я гьал бусурбаби, Аллагьасул хIикматал кигIан кIудиял ругел ва кин бай бихьараб Аллагьасул дин ракьалда тIибитIизе.




**I07. Аллагьасул диналъеги муъминзабазеги зарал гьабизе ургъун жидеца масжид барал гIадамал: жидеца Аллагьасда инкар ккун, жидее муъминзаби рикьизаризе ва загIип гьаризе бокьун. Цереккунги жидеца Аллагьасда ва гьесул расуласда рагъ балел рукIарал капурал гIадамал жидихъе рачIиналда хъаравуллъи ккун ругел,** гьелгун цадахъ жалги муъминзабада рагъизе абун. **Жал гьа гьедун кIалъалел гьеб масжид жидеца лъикIлъи бокьун бараб бугин абун. Аллагьас нугIлъи гьабулеб буго гьел гIадамал жидеца гьереси бицунел рукIиналъе** ва гьеб масжид заралалъе бараб букIиналъеги.

**I08. Мун гьеб масжидалда жанив вахъун чIоге МухIаммад, кидаго. Жиб базе бай бихьараб къоялъ жиндир кьучI Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъураб масжидул Къуба буго мун жанив чIезе ва как базе мустахIикъаб. Гьенир жанир руго жидее загьирал ва батIинал чороклъабаздаса рацIцIалъизе бокьарал бахIарзал.** Гьел руго ансарал.

**Аллагьасеги рукьула жидее рацIцIалъи бокьулел гIадамал.** Купру-ширкалда хурхинчIел, жидер рекIелъ нипакъ гьечIел, цохIо Аллагь разилъи тIалаб гьабун, аварагасда нахъ рилълъун жал хьвадулел.


Масжидул къубаялда масжидул такъва абунги абула. Цоги ргIиялъулъ буго «масжидул такъва» абулин Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул масжидалда. Гьелъие хIадисалги рицун руго. Гьаб кIиябго ргIи цоялъ цояб хвезабулеб гьечIо: кIиябго масжидалда абизе бегьулелъул «масжидул такъва» абун.

**I09. Жиндир баялъул авалалда Аллагьасдаса хIинкъиялъул кьучIлъун ва Аллагь разилъиялъул кьучIлъун бараб масжидул Къубайищ лъикIаб букIулеб жинда жаниб Аллагьасе гIибадат гьабизе, яги жиндир кьучI биххизе къачIараб кIкIалал ргIалда лъураб ва жиб биххун жужахIалъул цIадаб араб масжидул зираищ лъикIаб букIунеб жиндилъ гIибадат гьабизе? ТIадегIана Аллагьас хIакъаб нухда тIобитIуларо жидеца зулму гьабулеб къавм.**

**II0. Гьел мунапикъазул рекIелъ шаклъиги, ццим бахъиги тIаса инчIого букIине буго гьезул масжид биххизаби сабаблъун.** Жал лъикIаб жо гьабулел рукIана абун ракIалда ккун. **Гьеб хIалалда рукIина гьел жидер ракIал рихъун хвезегIан. ХIакълъунго Аллагь жинда лагъзадерил хIал лъалев вуго ва гьезие гьабулеб хIукмуялъулъ гIадло битIарав хIакимги вуго.**

**III. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) муъминзабадаса ричун росана гьезул чурхдул ва гьезул боцIи-мал гьелда данде жидее алжан кьезе къотIиги гьабун. Гьал гIадамал руго жинца Аллагьасул дин тIадегIан гьабизе гIоло рагъ гьабулел. Цинги жидеца Аллагьасул (عز وجل) тушбаби чIвалел ва гьез жалги чIвалел. Гьал мужагьидазе Аллагьас гьабураб къотIи хIакъаб къотIи буго Тавраталдаги Инжилалдаги Къуръаналдаги жаниб жиб бугеб. АллагьгIан (عز وجل) жинца къотIи тIубалев цоги щивго гьечIо. Нуж цIакъ роххун рукIа гьаб нужеца гьабураб хайир бугеб дарамалдаса. Гьаб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда квершел батин ва бахьи буголъи.**

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе Мадинаялдаса вачIарав лъабкъоялда анцIго чияс байгIат (къотIи) гьабулеб мехалъ Минаялда бугеб гIакъабат абулеб бакIалда (хIажизабаз чIинхал рехулеб бакI), гьел ансаразул цевехъан ГIабдуллагь бину РавахIатица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абуна: *«Я расулаллагь! Дуца Аллагьасеги дуеги бокьараб жо шартI гьабе гьаб къотIиялъулъ»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «дир Аллагьасе дица нужергун къотIи гьабулеб буго нужеца гьесие лагълъи гьабизе щибго жо гIахьал гьабичIого (ширк гьабичIого). Дир напсалъе шартI гьабулеб буго нужеца дие квербакъизе, нужерго напсаздаса нахъчIвалеб зарал дидасаги нахъчIван»*-абун.




*Ансараз абуна: «Гьеб жо гьабураб мехалъ нижее бугеб жо щибха бугеб?»- абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужее алжан букIине буго»-абун. Ансараз абуна: «цIакъ хайир бугеб даран буго гьаб. Нижеца гьаб даран биххиларо ва нижго ратIалъун къотIи хвезабиларо»*-абун. Хадуб ТIадегIанав Аллагьас гьаб цебехун хъвараб аят рештIинабуна.

**II2. Гьединго алжаналъул агьлоялдаса руго жидеца мунагь-хатIаъ ккараб мехалъ тавбо гьабулелги, Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабиялъулъ ихлас бугел, цохIо Аллагьасе (عز وجل) гурони гIибадат гьабуларел. Жидеца Аллагьсул (عز وجل) нигIматазда данде гIемер рецц ва шикру гьабулел, жал ракьалда тIад Аллагьасул дин тIадегIан гьабун гьазават гьабун хьвадулел.**

**Жидеца какал ралел: рукугI-сужда камил гьабун, Аллагьасе (عز وجل) хIелун ва гьесдаса хIинкъун. Жидеца лъикIаб жоялдалъун амру гьабулел ва квешаб жо гьабиялдаса нахъги чIвалел. Аллагьасул диналъул гIорхъаби цIунулел ва шаргIиял хIукмаби хвезаруларел. ХIалалб хIарамаб жо батIа гьабулел. Дуца гьал муъминзабада роххел бице МухIаммад ﷺ;** Жидее ахираталда ругел гIорхъи-рахъ гьечIел гIемерал ва лазатал нигIматаздалъун.

**II3. Аллагьасул расуласе ﷺ ва муъминзабазе изно гьечIо жидеца мушриказул мунагьал чури тIалаб гьабун дугIа гьабизе, гьел мушрикал жидее гIагарал чагIи ругониги, гьел жужахIалъул агьло букIин баянлъун хадуб**. Иман лъечIого хун ругелъул гьел, гьедин хварал чагIи жужахIалъул агьло букIин хIакъаб жо буго. Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: АбутIалиб хвалил бусада вегун вугеб мехалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гьесда ваккизе ана. Гьенив гIодов чIун Абужагьал ва Абууммаятги ватана. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Я дир инсул вац, дуца «лаилагьа иллаллагь»-абе абун Абужагьалица абуна: «Я АбутIалиб дуца дур имен ГIабдулмутIалибил дин тезехъин гурищ абугеб?»* –абун. *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас чанго нухалъ тIад вуссун АбутIалибида гьарана Аллагь цо гьавулеб калима абе абун. Киннги АбутIалибица гьеб ргIи абичIо ва ахираб гьесул калам букIана жив ГIабдулмутIалибил диналда вуго абураб. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Валлагьи дица дур мунагьал чуреян ва дудаса тIаса лъугьаян абун Аллагьасда гьаризе буго, дида Аллагьас гьаруге абун нагью гьабизегIан»*-абун.

Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб II3 аят рештIинабуна.


**II4. Ибрагьим (гIв) аварагас жиндир инсуе гьабураб дугIа букIинчIо ццебекунго гьабураб къотIи тIубазаби гурони. Цинги жинда лъараб мехалъ эмен Аллагьасул тушман вукIин, жинца гьесие дугIа гьабичIо ва гьабун букIараб дугIаялдаса ва жиндир имсудаса жив ватIалъана ва рикIкIалъана. Гьев Ибрагьим (гIв) вукIана цIакъ дугIа ва хIели гIемерав, жиндир гурхIел ва хIалимлъи кIудияв.**

**II5. Аллагьас (عز وجل) цониги къавм къосинабуларо жинца гьел тIоритIун рукIун хадуб, гьезда хIакъаб жо баян гьабун гурони. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго жинда кинабго жо лъалев ва щибаб жоялъул маслахIатги лъалев.**

**II6. ТIадегIанав Аллагьасул мулк буго зобал ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Аллагь вуго жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев. Нужее гьев Аллагь гурев цоги вали гьачIо, жинца квербакъулев чиги гьечIо.** Жинда кIанцIулев ва хьул лъолев чи гьечIо цохIо Аллагь гурев.

Алусияс абуна: «Муъминзаби мушриказе дугIа гьабиялдаса ва гьезул гьоркьоблъи гьабиялдаса нахъчIвадалго, кигIанго гьел гIагарал ва божарал чагIи ругониги, Аллагьас муъминзабазе баян гьабулеб буго гьезиеги мушриказеги ва кинабго махлукъаталъе гIей гьабулев гьезул тадбир гьабулев, жинца рижулев ва хвезарулев цохIо Аллагь вукIин ва валилъунги, квербакъулев лъунги цохIо Аллагь кквезе тIадаб букIин. Гьаб амру гьадин бугелъул киналго ишазулъ Аллагьасда таваккал тIаме ва гьесда божун рукIа!»-абун.

**II7. Аллагьас тавбо къабул гьабуна жиндир аварагасул ﷺ ва мугьажиразулги ансаразулги, захIматаб гIужалъ жал гьев аварагасда нахърилъарал: цо къокъаялъул ракIал хIинкъун, иманалдаса ратIалъиялда гIагарлъараб мехалъ. Цинги Аллагьас (عز وجل) гьезул тавбоги къабул гьабуна. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир лагъзадерида гурхIулев ва гьезда цIоб рахIмо кIудияв вуго.**




**II8. Гьев лъабго асхIабасул тавбоги къабул гьабуна Аллагьас, жидер амру нахъбахъун тун рукIарал Аллагьасул амру рештIинегIан.** Гьел руго КагIбо, Гьалал ва Мурарат асхIабзаби, жидеда Аллагь разилъаял. **ГIемерго гIатIидаб Аллагьасул ракь гьезие цIакъ къваридаблъун лъугьун букIана жал гьазаваталда инчIого чIеялда рекIекълъун** ва Аллагьасдасаги, аварагасдасаги, асхIабзабадасаги нечон. **Гьезул напсалги цIакъ пашманлъун, загIиплъун рукIана. Гьезда якъинго бихьана жидер тIокIаб кIанцIизе бакI гьечIеблъи цохIо Аллагь гурев. Цинги Аллагь гьезда тIаса лъугьана, гьез тавбо гьабизе ва тIокIаб гьеб биххичIого букIине. ХIакълъунго Аллагь жинца тавбо къабул гьабулев, жив муъминазабада гурхIулев вуго.**

**II9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж хIинкъа Аллагьасдаса гьересси бицун гIузро баччизе ва нуж рукIа жидер иманалъулъ ритIухъал ва бицулеб рагIиялъулъги ритIухъал гIадамалгун цадахъ.** Киналго гIамалазулъ, рагIабазулъ ва рекIел ниятаЛъулъги Аллагь тIад валагьун вукIин лъан, гьев разилъи тIалаб гьабун хьваде.


**I20. Мадинаялъул агьлуялъе изно букIинчIо ва гьелда сверухъ ругел росабазул агьлоялъеги изно букIинчIо гьел Аллагьасул авараггун цадахъ гъазаваталда рахъинчIого нахъа чIчIезе. Ва гьезие изну букIинчIо жидер напсалъе рахIатги, лъикIлъиги тIалаб гьабизе Аллагьасул расуласул кIвар гьабичIого** ва гьесда щвезе бегьулеб къварилъиялъулъ гIахьаллъичIого. **Гьаб амру гьадин букIиналъе сабаб буго гьел муъминзаби рукIин жидеда ракъи-кьеч щоларел, къварилъи-захIмалъиги щоларел, Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабулеб мехалъ, жидеца капурзабазул ракьги мерхьуларел гьезда рагъ бан, гьезул ццим бахъинабун, жидеда тушманасдаса зарал, къварилъиги щоларел - гьаб кинабго жоялда данде Аллагьас гьезие ажро - кири кьун гурони. ХIакълъунго Аллагьас гIадада хвезабуларо лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе бугеб ажро - кири. Гьеб ажро гIемерго цIикIкIинабула ва алжаналъул нигIматал кьун гьел роххизарула.** Гьезда тIадаб буго жидер рухI бичунги авараг цIунизе, гьесда бихьараб захIмалъи жидецаги бихьизе. Хирияв аварагасда лъикIлъи щвараб къоялъги гьесда захIмалъи щвараб къолъги гьевгун цадахъ рукIине. Жидеда лъан ва бичIун букIине бищунго Аллагьасе хирияб напс свалат салам лъеяв аварагасул напс букIин.

**I2I. Жидеца дагьабниги, гIемерабниги напакъа кьоларо, гьитIинабниги кIудиябниги гIамалги гьабуларо, Аллагьасул диналъе гIоло гьазаватги гьаблуро, ракьалда жалги хьвадуларо гьеб кинабго жо Аллагьас гьезие хайиралъе хъван, нахъ цIунун букIун гурони. Гьеб гIамалалда данде жидее гIемерго цIикIараб ажро гьабизе.**

**I22. Киналго муъминзаби гьазават гьабизе абун къватIир рахъине бегьуларо.** жидер ватIанги, агьло-хъизанги гIадада холеб хIалалъ.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: ТIадегIанав Аллагьас цIакъ къвакIун гIайиб чIвадал Табукалда гьазаваталда рахъинчIого чIарал гIадамазда, цинги асхIабзабаца абун букIана: «Нижер цохIо чи нахъа чIчIеларо гьазават гьабизе унеб аскаралдасаги, къокъаялдасаги абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Табукалдаса нахъ вуссун хадуб гьазават гьабизе къокъаби ритIулеб мехалъ киналго асхIабзаби къватIирги ун цохIо авараг хIутIана Мадинаялда. Цинги Аллагьас гьаб аят рештIизабуна.

**Щибаб кIудияб къокъаялъул ва жамагIаталъул цо гьитIинаб къокъа ун букIараб ани Аллагьасул дин лъазабизе ва гьеб дин гIадамазда бичIчIизабизе ва гьел хIарамаб жоялдаса хIинкъулел, лъикIаб жо гьаби бокьулел гьаризе. Ай гьаб къокъа тIад чIчIун букIарабани гIилму лъазабиялда гьеб лъикI букIинаан. Гьазаваталдаса тIад руссун рачIараб мехалъ жидер къавмазда гьеб дин лъазабизе ва гьел хIарамаб жоялдаса цIунараллъун рукIине.**




**I23. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца рагъ гьабе нужеда гIагардегIан ругел капурзабаде ва гьезда кьаби щвезабе ва гьел нужедаса хIинкъизаре. Нужедаги лъан букIа ТIадегIанав Аллагь жиндаса хIинкъулел, жив разилъи тIалаб гьабулел муъминзабигун цадахъ вукIин ва гьезие квербакъулев вукIин.** Купру-ширкалдаса ракь бацIцIад гьабизе ккани гьеб иш байбихьизе ккола муъминзабазул ватIаналдаса. Цин ватIаналда жаниса Аллагьасул тушбабиги тIагIинарун, хадуб жидеда аскIор ругел ракьаздасаги тIагIинарун, гьадин Аллагьасул амру тIубан гIуцIизе ккола исламияб пачалихъ Аллагьасул ракьалда тIад гьев разияб исламияб дин гурони букIине бегьуларо. Гьаб амру тIубазе къватIир рахъарал гIадамал жидее Аллагь разилъи бугел руго. Гьазие ахираталда алжан букIиналда божиги буго.

**I24. Къуръаналдаса цо сурат рештIинабураб мехалъ, мунафикъаца абулеб буго: «Щивха вугев нужедаса гьаб сураталъ жиндир иман цIикIкIинабурав чи» -** абун. **Ва амма жидеца Аллагьасда иман лъурал чагIазул иман жеги цIикIкIула Къуръаналдаса аяталги сураталги рештIинарураб мехалъ ва гьел цоцазде рохел бицун, гьеб Къуръаналдаса роххун ва разилъун рукIуна.**

**I25. Жидер рекIелъ нипакъалъул унти бугел гIадамазе гьезул купру - ширкалъул чороклъи ва къабихIлъи жегиги цIикIкIинабула гьеб Къуръаналъ. Ва гьел гIадамалги хола жидер купруялда рукIаго.**

**I26. Гьал мунапикъазда кин бихьулареб щибаб соналъ цо нухалъ яги кIиго нухалъ Аллагьас жидер къабихIлъаби рицун, жал къватIир чIвазарун инжит гьарулел рукIин, цингиги гьез тавбо гьабулеб гьечIо ва жидее гьелъул вагIзаги лъугьулеб гьечIо.**

**I27. Гьел мунапикъазда гIайиб чIван сурат рештIинабураб мехалъ, аварагасда аскIор, асхIабзабада гьоркьор гьелги рукIун, гьел доре - гьанире балагьулел руго жидехъ валагьун цониги чи вугодай абун ва хехго гьениса нахъе унел руго. Аллагьас гьазул ракIал иманалдаса руссизарун руго, гьел ругелъул жидеда щибго жо бичIуларел, ахIмакъал гIадамал.** ХIакъаб жо гьезда бичIулеб гьечIо, гьелъул пикруги гьабулеб гьечIо, цинги гьел хIайваназда релълъун рукIунел


руго: бералги ругел, гIундулги ругел, бетIерги бугел, ракIги бугел, ва амма Аллагьас жидее кьурал гьал алатал гьев разилъиялда сверизаричIого жидеего балагьалъе сверизарулел. ХIайваназ гIадин напсалъе бокьараб жо тIалаб гьабулел, цоги щибго жоялъул пикру гьабуларел.

**I28. Нужехъе нуждаго гьоркьоса Аллагьасул расул вачIун вуго, я гьал гIарабиял!** Жиндир къадру кIудияв, жинца нужехъе Аллагьасул рисалат щвезабулев. **Нужее захIмалъи, къварилъи букIунеб жо жинда цIакъ рихунев,** гьеб жиндие бокьуларев. **Нуж хIакъаб нухда тIоритIизе жиндие цIакъ бокьун бугев ва гьелъие яхIги бахъулев. Аллагьасда иман лъурал ва жинда нахърилъларал муъминзабада жив цIакъ гурхIулев, гьезие лъикIлъи лъугьизе бокьулев.**

**I29. Дуда иман лъеялдаса цо къавм буссун чIани, дуца абе МухIаммад ﷺ: Дие гIей гьабулев цохIо Аллагь (عز وجل) вуго, жив гурев цоги алагь гьечIев. Дица гьев Аллагьасда буго тавакал тIамулеб. Ва гьев вуго кIудияб гIаршалъул БетIергьан.** Кинабго махлъукъ бижарав Халикъ вуго, киназего ризкъи кьолев Разикъги вуго, кинабго гIаламалъул тадбир гьабулев БетIергьанги вуго.

Жидеда Аллагь разилъаял имам АхIмадица ИбнугIаббасидаса бицараб хIадисалъулъ буго гьаб кIиго аят Къуръаналдаса бищун ахиралда рещтIизабураб бугин абун. (I28-I29 аят)

Жинда Аллагь разилъаяв Абудавудица хIадис бицана: жинда Аллагь разилъаяв Абудардаица абуна: *«Радал ва бакъанида анкьго нухалъ гьеб ахиралда хъвараб аят цIаларав чиясдаса Аллагьас гьеб къоялъул къварилъи тIаса баорхила ва гьесие гIей гьабила»*- абун.




**سورة يونس**

**I0. Сурату Юнус**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда ичIго аятги бугеб.

**I. Алиф, Лам, Мим:** Аллагь жинда лъалев вуго гьал хIурупаздалъун жиндие бокьараб жо. **Гьал руго жиб мухIканаб Аллагьасул калам-Къуръаналъул аятал:** жиб хIакимияб гьеб Къуръан, гьереси ва цоцазде данде кколареб жо жиндилъ гьечIеб.

**2. Маккаялъул агьлуялъе гIажаибаб жолъунищ бихьулеб бугеб дица жидеда гьоркьоса МухIаммадида вахIю гьабунин абун:** гьеб гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо. Дир гIадат буго щибаб къавмалда расуллъун гьезда гьоркьоса чи витIулеб. **Ва дица гьесда вахIюги гьабула капурал гIадамазе хIинкъи кье абун ахираталда букIунеб гIазабаздалъун. Ва муъминзабазе рохел бице абунги вахIю гьабула гьезие БетIергьанасда аскIоб лъикIлъи бугин абун, гьез дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалда данде. Гьадин бугониги капурал гIадамаз гьав МухIаммад сихIручи вугин абуна, цIакъ сихIро гьабизеги лъалев.**

**3. ХIакълъунго нужер БетIергьан жив цогояв, кинабго махлукъаталъул ханлъун вугев Аллагь вуго. Жинца зобалги ракьалги анлъго къоялда жанир рижарав, *цинги жинца гIаршалда истиваъ гьабурав*:** жиндир къадро кIодолъиялда рекъараб хIалалъ. Нилъеда куц-рахъги лъалареб нилъ жинда хадубги гъоларе ва нилъеда жиб лъазе тIадабги гьечIеб. **Жинца халкъалъул тадбир гьабулев вуго Аллагь,** жиндир хIикматалда рекъон, ва лагъзадерие маслахIат бугеб жо гьабун, **гьев щибго жоялъ гьеб тадбир гьабиялдаса машгъулги гьавуларо. Къиямасеб къоялъ жинца шапагIат гьабизе кIолев цониги чи гьечIо гьев Аллагьас изну кьун хадуб гурони. Гьав вуго нужер хIакъав БетIергьан Аллагь. Гьав Аллагьасе гьабе нужеца гIибадат. Гьаб Къуръаналъул вагIза босуларищ гьел мушриказ?**

**4. Гьев Аллагьасде буго нуж киназулго ахираталда руссинги. Аллагьасул къотIиги хIакъаб, жиб хисулареб буго. Кинабго халкъ бижи жинца бай бихьарав вуго, цинги ахираталда цIидасан тIаде рахъинаризеги руго. Аллагьасда ва ахираталда иман лъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе битIараб, гIадилаб жаза гьабизе. Жидеца Аллагьасда инкар ккурал**


**гIадамазе гьекъезе кьезе буго жужахIалъул хIамим:** жиб цIакъ бухIараб, махIцараб лъим, жиб гьекъараб мехалъ гьан турун, бортун унеб. **Ва гьезие жинца унтизабулеб гIазабги гьабизе буго, дунялалда гьабураб купру-ширкалда данде жазалъун.**

**5. Гьев Аллагь вуго** жиндие гIибадат гьабизе тIадав БетIергьан, **жинца бакъ гьабурав гвангъараб, кенчIолеб чирахъ гIадин.** Кинабго ракьалда жиндир канлъи ва хинлъи щолеб, жиндир канлъиялдалъун инсанасе ракьалда тIад хьвадун магIишат гьабизе рес лъугьулеб, жиндир канлъиялдалъун ракьалда тIад хур-хер, ахал рижизе сабаб лъугьулеб. **Жинца моцIги гьабурав вуго гьев Аллагь нурлъун.** Бакъул кунчIи жинда щвараб мехалъ гьеб моцI жинца канлъи кьолеблъун лъугьуна, бакъул чIорал жиндир тIохалъ (гьумералъ) рекизарун.

**Гьеб моцIалъе жиб хьвадулел ва рештIунел нухалги гьаруна: нужее сонал рикIкIизе лъазе ва къоязул, анкьазул, моцIазул хIисабги лъазе. Гьаб бакъ- моцIги, зобал-ракьалги Аллагьас жиндир хIикматалдалъун рижана, жиндилъ мунпагIат бугеб хIалалъги рижана.** Жинца хIакъаб жо гьабулевлъун вукIунги рижана. ГIададасеб жолъун бижичIо. **Гьадин Аллагьас жиндир хIикматал баян гьарула жо бичIулел гIадамазе.**

ТIадегIанав Аллагьас жинца бижараб махлукъаталъул сипатал рицуна гьелдалъун жив Халикъ вукIин гIадамазда лъазе, жиндир хIалкIолъи бичIизе ва жив кинабго гIаламалъул цохIогояв хан вукIин лъазе. Цинги Аллагьасе мутIигIлъун гьесие гIибадат гьабун гIадамал хьвадизе. Ва амма гIемерисел гIадамал гьал хIикматал жидеда рихьуларел, гьезул пикру гьабуларел ва жидеца Аллагьасда инкар ккурал, ахираталдаги иман лъоларел руго.

**6. ХIакълъунго сордо-къо цоялъ цояб хисиялъулъ, гьединго зобал-ракьазда жаниб Аллагьас бижараб гIемераб гIажаибаб рухI бугеб ва рухI гьечIеб махлукъаталъулъ жидеца тIоритIел гьабулел гIаламатал руго гьел рижарав, гьезул тадбир гьабулев БетIергьан вукIиналда. Гьел гIаламатал лъала ва загьирлъула Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабада.**




**7. Ахираталда Аллагьасда (عز وجل) данде чIваялда ва хIисаб-мизан гьабизе букIиналда божуларел гIадамазда рихьуларо ва ричIчIуларо гьел гIаламатал. Дунялалъул чIаголъиялда жал разилъарал, гьелда ракIгъун, хIалхьон, Аллагьасул гIаламатаздаса гьапуллъунги ругел.**

**8. Гьал гIадамал руго гьел руссунеб бакI жужахIалъул цIа бугел, гьез дунялалда гьабураб гIамалалъе жазалъун.**

**9. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) ва ахираталда иман лъун, аварагасда нахърилъулъ лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал гьеб жидер иман лъеялдалъун Аллагьас тIоритIула алжаналде унеб нухалда, жал даимго жанир рукIулел гьел алжанал, жидеда жанир гIоралги чIвахулел.**

**I0. Алжаналда жаниб жидер дугIа букIуна: «мун вацIадав вугоха Аллагь»-абун.** Гьезул калам букIуна Аллагь вацIад гьавиялда хурхараб. Гьаб рагIиялъ кантIизарулел руго Аллагьасде ширк гьаби, гьесул заталда ва къадроялда рекъоларел сипатал гьари алжаналда рукIулел гIадамазул тIабигIат гьечIолъиялда.

**Жидер цоцазде гьабулеб тахIиятги (кIодо гьари). «салам» абун аби букIуна.** Гьединго гьезие тахIият гьабула малаикзабазги «саламун гIалайкум» абун. **Ахирабги жидер дугIа ва калам «алхIамдулиллагьи раббил гIаламина» аби букIуна:** «Кинабго рецц дуе буго БетIергьан Аллагь, дурго цIоб рахIматалдалъун ниж дунялалъул рукъор иман-исламалда тIоритIарав, мун лъалев, дуе гIибадат гьабулел ниж гьарурав, ва ахираталда гьал алжанал кьун ниж хира гьарурав ва кIодо гьарурав»-абун.

**I1. ТIадегIанав Аллагьас гIадамазе гьезул квешаб дугIаялъе жаваб кьейи хех гьабулеб букIарабани жидер лъикIаб дугIаялъе жаваб кьейи хех гьабулеб гIадин, гьел гIадамал гьалаг гьарилаан.** Инсанас щибго ургъичIого, кIвар гьабичIого, жиндир цIим бахъараб, ракI къварилъараб мехалъ жиндирго напсалъе, лъимал- хъизаналъе квешаб дугIа гьабула, (хьандола). Аллагьас гьеб хьандей жаваб кьечIого тола: квешаб жо гьабизе бокьуларого Аллагьасе.


Цоги гIалимзабаца абуна: гьаб ргIи буго Маккаялъул мушриказде абураб, гьез абураб мехалъ: «гьаб ахират букIин ва гIазаб букIин хIакъаб батани нижеда тIад зодисан ганчIал речIчIе»-абун. **Ахираталда иман лъечIел, дида цIере чIеялда божун гьечIел гIадамал дица жидерго къосиналъулъ тола.** Гьезие гIазаб гьаби хех гьабуларо, жидее нигIматал кьун тола. Ахираталда щвараб мехалъ жидее гьабулеб гIазабги гьелда рекъон цIикIкIуна.

**I2. Инсанасда цо къварилъи хъатIараб мехалъ гьев дида ахIулев вуго: вегун вугониги, гIодов чIун вугониги, эхетун вугониги.** Ай: кинабго хIалалъ дида зигардула инсан жинда цо къварилъи щвараб мехалъ. **Гьеб къварилъи тIасса босун дица жив парахат гьавураб мехалъ, гьев инсан добго гIасилъиялда ва пасикълъиялда хьвадула ва дида жив хIелунго вукIинчIев гIадин жинда дунги кIочона. Дица киналго квешал гIадамазе, жидер мунагьазул гIорхъи-рахъ гьечIел пасикъзабазе, гьезул гIамал берцин бихьизабун, гьеб гьабулел тола.**

**I3. Дица нужеда цIере рукIарал умматалги гьалаг гьаруна жидеца ракьалда пасалъаби гьаридал. Гьезухъеги русулал рачIана дир рахъалъан хIакъал хIужабигун ва мугIжизаталгун. Гьел умматаз иман лъечIо ва гьел жидеца иман лъолелги рукIинчIо. Гьел цересел умматазе гьабураб гIадаб жаза гьабула дица цогидал жидеца иман лъоларел, купру-ширкалда чIарал гIадамазеги.** Гьебго гIазаб щвезе бегьула гьаб Маккаялъул агьлоялдаги.

**I4. Гьел цересел умматал гьалаг гьарун хадуб рижана нуж ракьалда ва гьезул бакIалда халипабилъун гьаруна: нужеца щиб гIамалдай гьабулаян балагьизе ва гьеб гIамалалда релълъараб жазаги гьабизе.**

ТIадегIанав Аллагь жиндир азалияб лъаялдалъун жинда лъалев вуго лагъзадерица гьабизе бугеб гIамал. Гьел лагъзал рижун ракьалда хьвадизе риччаялдаса мурад букIуна загьираб, бихьулеб лъаялдалъунги гьез гьабулеб гIамал лъай, гьеб гIамалалъе жидецаго нугIлъи гьабизе ва цогидал гIадамазги, малаиказги нугIлъи гьабизе. Ахираталда жаза гьабулеб мехалъ тIубараб хIужа-далилаздалъун жидее гьабулеб жаза жидер гIамалаздалъун букIиналъе гьел лагъзал мукIур гьаризе. **I5. Гьел мушриказе дир Къуръаналъул магIна баянал аятал цIалараб мехалъ жидеца ахираталда иман лъоларел гIадамаз абулеб буго: мун гьаб гуреб цоги Къуръан босун вачIа, яги дуца гьаб хисизабеян абун.** Гьениб жаниб ниж какарал аятал ругеб бакI хисизабе. ГIазабалъул аятал нахъе реххе, хIарамаб жо хIалалаблъун гьабе абун. Нижер алагьзаби какараб бакI нахъе реххун гьел рецци хъвай Къуръаналда абун. Гьаб кинабго жо буго Къуръанги, авараги махсароде гьавун абулеб ргIи.




**Дуца гьезда абе МухIаммад, дун дие бокьараб жо гьабулев чи гьечIо ва дица гьеб Къуръанги хисизабуларо. Дун нахъвилъулъунаро Аллагьас дида вахIю гьабураб жоялда гурони.** Дун вуго Аллагьасул амру тIубалев гьесул лагъ ва халкъалда гьесул рисалат щвезабулев расул. **Дун къиямасеб къоялъ БетIергьан Аллагьасул гIазаб щвеялда хIинкъула дица гьесул амруялда гIисилъи гьабуни.**

**I6. Дуца гьезда абе МухIаммад, ТIадегIанав Аллагьасе бокьун букIараб ани дица нужее гьаб Къуръан цIаличIого букIин, дица гьеб цIалилароан. Дица нужеда гьениб жаниб бугеб жоги лъазабилароан. Гьалда цеве дун нужгун**

**цадахъ гIумру гьабун вукIана гIемераб заманаялъ. Гьаб жоялъул пикру кин гьабулареб нужеца.** Ва нужеда кин бичIулареб гьаб Къуръан Аллагьасул калам букIин.


**I7. Жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIунев Аллагьасда гIунтIизе гьабун жинца гьереси бицунев чиясдаса, яги жинца Аллагьасул Къуръанги расуласул мугIжизаталги гьереси гьарулев чиясдаса. Аллагьасда инкар ккураб, расуласда данде чIараб гIасияб къавмалъул лъикIлъиялда кверщел батунгутIи буго хIакъаб жо.** Гьезие щоларо дунялалъул ва ахираталъул бахьибуголъи.

**I8. Мушриказ гIибадат гьабулеб буго Аллагьги живго тун, жидее щибго заралги гьабуларел, мунпагIатги гьабуларел алагьзабазе. Цинги жидецаги абулеб буго гьал ругин Аллагьасда аскIор жидее шапагIат гьабулел абун. Дуца гьезда абе МухIаммад, нуж Аллагьасда лъаларе жо гьесда бицунелищ ругел.** Гьес рижарал зобал-ракьазда жанир гьесда лъаларел алагьзаби руго абун жидеца нужее шапагIат гьабулел**? Гьев Аллагь цIакъ вацIцIадав вуго ва ТIадегIанав вуго капурзабаца жиндие гьарулел батIулал сипатаздаса.**

**I9. Адам аварагасдаса бай бихьун НухI аварагасда щвезегIан киналниги гIадамал цо уммат букIана.** Исламияб диналда бугеб. Цинги гьел гIадамаз жидер диналъулъ хилиплъи гьабуна. Жидеца хъанчазе ва суратазе (статуи) гIибадат гьабизе бай бихьана. **Цинги ТIадегIанав Аллагьас жиндир расулал ритIана гьезие хIинкъи кьезе ва роххел бицине. Аллагьас гьабураб къотIи-къадар букIинчIебани:** тIобараб, камилаб жаза ахираталда гьабизе буго абураб. **Дунялалдаго гьезда гьоркьоб хIукму гьабизе букIана гьел жиндилъ хилиплъараб диналъулъ.** Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат гьабурал хвасар гьарун, купру-ширк гьабурал гьалаг гьаризе рукIана.

**20. Гьез абулеб буго Аллагьасул рахъалъан нижеда цо гIаламат, мугIжизат рештIинабулеб анищ-абун. Дуца гьезда абе МухIаммад, кинабго балъгояб ва рикIкIадаб жо Аллагьасда аскIоб буго.** Гьев Аллагьасда лъала жинца гьабизе кколеб жо. **Нуж балагьун чIа щиб къодай нужеда бихьила абун.** Нуж рижарав, нуж хьихьулев БетIергьанасда данде кьецандараб мехалъ. **Нижги балагьун чIарал руго гьев Аллагьасул рахъалъан бачIулеб амруялда.**

Ибнукасирица абуна: цо инсанас ргIи бицараб мехалъ: битIараб бугониги гьеб ргIи, гьересияб бугониги, гьелъул гIаламат гьесул гьумералда загьирлъула бакъул нургIадин. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинда вахьарав ва жив аварага вуго абун гьереси бицарав Мусайламат вихьарав чиясда гьев кIиясдаго гьоркьоб бецIаб сордоялдаги зухIаялъул гIужалъ къоялдаги гьоркьоб гIадаб батIалъи лъалеб букIана.




**2I. Маккаялъул агьлуялда дица лъикIлъи бихьизабидал, жидеда къварилъи щун букIун хадуб, цингиги гьез дир Къуръан гьереси гьабулеб буго ва гьелда тIад релъанхъулел руго. Дуца гьезда абе МухIаммад, Аллагь цIакъ хехав вуго гьеб нужер макроялда данде жаза гьабизе. ХIакълъунго дир малаикзабаца хъвалеб буго нужеца гьабулеб гIамал ва нужер хIилла макро. Гьеб дида балъго хутIулеб гьечIо ва гьелъие жаза гьабизе буго.** Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: Маккаялъул агьлоялъе анкьго соналъ цIад бачIого хур-хер бакъван жал гьалаглъиялда гIагарлъун рукIана. Цинги жидеца Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе рачIун гьесда гьарана жидее цIад гьарун дугIа гьабе абун ва гьез иман лъезе къотIиги гьабуна. Аллагьас гьезда гурхIун цIад базабидалго гьел жидерго купруялда руссана, ва добго хIалхъублъи, хIасадги гьабуна. Гьеб хIал бицун Аллагьас гьаб аятги рештIинабуна (2I абилеб аят).

**22. Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан, жинца нуж ракьалдаги ралъдадаги тIад хьвадизарулев. Нуж гамида рекIун ралъадалда тIад ругеб мехалъ, берцинаб, лъикIаб гьуриялъ бачун гьеб гамаги**

**цебехун унеб мехалъ ва гьелдаса роххун, разилъун, ракI гIодоб биччан нужги рукIадго, цо квешаб, къуватаб гьури бачIани, гьеб гьороца ункъабго рахъалъан кутакал карачелалги нужеда тIаде рачIани, ва гьанжени ниж гьалаглъила ва нижее рорчIизе бакI гьечIин нужеда ракIалдаги ккараб мехалъ,- нужеда киналго алагьзаби кIочола ва цохIо Аллагьасда руссун, гьесие хIелун, гьесда ахIи бала: «Дуца ниж гьаб балагьалдаса хвасар гьаруни ниж дуе цIакъ щукро гьабулеллъун рукIина» - абун.**


**23. Цинги жал Аллагьас хвасар гьаруараб мехалъ жидеца цебего гьабулеб букIараб пасалъиялда, купру-ширкалда хьвадулел руго. Я гьал гIадамал! Гьеб нужеца гьабулеб Аллагьасда гIасилъи, гьесда данде рахъи, нужерго напсазе бугеб зулму буго. Нужеца гьелъухъ бичун босулеб ва жиб тIалаб гьабулеб жоги хехго тIаса унеб дунялалъул боцIи-мал, шагьват-лазат буго.** Гьелъул гIакъуба гIазабги нужеда тIад хутIулеб буго**. Цинги нуж киналго диде руссине руго ва нужеда бицине буго щивас гьабураб гIамал** ва гьелъие жазаги гьабизе буго.

**24. Гьаб дунялалъул ва гьениб бугеб чIаголъиялъул мисал буго зодисан берцинаб цIадги бан, гьелъ ракьалда тIад бижизабураб хур-хералъул мисал.** Керчаб гIемераб, батIи-батIияб. **Жиб гIадамазги хIайваназги кваналеб. Хур-хер бижун камиллъун ракь берцинлъараб мехалъ ва жибги къачIараб мехалъ, цинги гIадамазда ракIалдаги ккедал гьанже гьаб хур-хер, ахал жедер ихтияралда ругин ва гьанже нижеца гьалдаса мунпагIат босилин абун, гьеб ракьалда тIад дир рахъалъан жиб гьалаг гьабилъун бугеб цо амру бачIараб, релъедал бугониги, къад бугониги. Цинги дица бецун гIодоб бараб гIадин гьабураб.** Гьеб ракьалда тIад щибго жо букIинчIеб хIалалъ. **Гьадин баян гьарула дица дир аятал ва хIикматал жидеда жо лъалел гIадамазе. Гьез пикру гьабизе ва гIибрат босизе.**

**25. Аллагь (عز وجل) жинца лагъзал ахIулев вуго. «даруссалам» абулеб алжаналда. Гьеб алжан бокьарал гIадамазда битIараб, исламияб нух малъун, гьелда тIоритIулевги вуго Аллагь (عز وجل).**

КъуртIубияс абуна: гьаб аяталда жаниб тIоритIел гьаби буго халкъалъул рижин, гьезул тIабигIат букIиналда цIакъго къварилъи ккараб мехалъ жал Аллагьасда руссунеб. Чара тIагIун, рес къотIуда ккун гьабураб дугIаялъе Аллагьас жавабги гьабула гьев капурчи вугониги. Гьесул киналго хьулал къотIун ругелъул ва гьевги киналго ханзабазул ханасухъе кIанцIун вугелъул.

ХIасанул Басрияс абуна: «мухлисина» (цохIо Аллагьасда гьарула) абураб рагIиялъул магIна: Аллагьасда иман лъеялъулъ бугеб ихлас гуро гьеб. Гьеб буго жидее гьеб хIалалъулъ квербакъулев ва кумек гьабулев чи цохIо Аллагь гурони гьечIеблъи лъай. Гьаб иман лъей буго хвалида гIагарлъидал бугеб ва гьалдалъун гьел жужахIалдаса хвасарлъуларо. Гьаб иман лъей унгогояб гьечIеблъи бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:




**26. Дунялалъул рукъоб Аллагьасда иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал гIадамазе Аллагьасул рахъалъан хирияб алжан буго. Гьелдаги тIад кIудияб нигIматлъун бугеб Аллагьасул гьумералда балагьиги буго. Гьал гIадамазул гьурмазда чIегIерлъи, хIурги букIунаро. Гьел гIодорегIанлъулеб хIакъирлъулеб асарги букIунаро. Гьал руго алжаналъул бетIергьаби. Даимго рукIинелъун Аллагьас гьенире лъугьинарулелги руго.**

**27. Жидеца дунялалда квешаб гIамал гьабурал гIадамазе гьелда релълъараб квешаб жазаги гьабизе буго. Гьел гIодорегIанлъиялъулъ ва хIакъирлъиялъулъ рукIине руго. Гьел Аллагьасул гIазабалдаса цIунизе кIолев щивго чиги вукIунаро. Гьезул гьурмалги чIегIерлъун рукIине руго бецIаб сардил цо кесек бахъун гьезул гьурмазда хун бугеб гIадин. Гьал руго жужахIалъул бетIергьаби, даимго рукIинелъун гьенир жанир лъугьизарула.** Жиндир гIадло битIараб букIиналдалъун Аллагьас гьазул квешлъиялда релълъараб гуро жазаъ гьабуларо, тIаде щибго жо цIикIизе гьабуларо. Гьаб аяталъ бицараб гIазабги кин хIехьелеб? Гьелда тIаде цIикIкIелги щиб букIинеб? ЦохIо жужахIалда бер кIутIи хIехьезе кIолев инсанги гьечIо. Гьедин бугониги Аллагьасда гIассилъизе хIинкъулелги гьечIо.

**28. Дица гьел киналго тIаде рахъизарула. Цинги Аллагьасде ширк гьабун рукIарал къавмазда абула: «нуж гьеб бакIалда чIа! Ва нужеца алагьзабилъун ккуралги чIа!» –абун. Дица муъминзабиги капурзабиги батIаги гьарула гьеб майданалда. Цинги жидее лагълъи гьабурал хъанчаз абула: «нужеца нижее гIибадат гьабичIо» – абун.**

**29. Жегиги гьел алагьзабаца абула: «нужедаги нижедаги гьоркьов нугIлъун жакъа Аллагь гIезе вуго,** цоги щивго къваригIуларо**: нижеда лъалеб букIинчIо нужеца нижее гIибадат гьабулеблъи» - абун.**


**30. Гьеб къоялъ щибаб напсалъул хIалбихьи гьабула жинца дунялалда гьабураб гIамалалдалъун. Гьелда рекъараб жазаги гьабула. Гьел киналго жидер гIадилав хан ва хIакъав БетIергьанасухъе русинарула. Гьездаса билун, тIурун уна жидеца алагьзабилъун ккун букIараб, жидее шапагIат гьабизе хьул букIараб кинабго гьересияб жо.**

**3I. Дуца абе МухIаммад!** Я гьал Аллагьасда инкар ккурал, гьесдехун ширк гьабулел гIадамал! **Нужее лъица кьолеб зобалазулги ракьазулги ризкъи.** Зодиса цIад лъица базабулеб ракьалда хур-херги лъица бижизабулеб? **Аллагьас нуж бихьуларел, яги рагIуларел гьаруни гьеб кьезе кIолев щив вугев, хвараб жоялдасан чIагояб жо ва чIагояб жоялдасан хвараб жо бахъизабулев (бичIизабулев) щив вугев?** Маниялдаса инсан лъица вижулев, хуриб рехараб мугьалдаса тIор лъица бижизабулеб, капур чиясул муъминчи лъица гьавулев? **Гьаб кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев чи щив вугев?- абун.**

**Гьел мушрикаца дуда абизе буго МухIаммад, Аллагь вуго гьеб кинабго жо жинца гьабулев абун.** Гьезул дуе кьезе цоги жаваб букIунаро. Гьаб загьираб къудрат бугелъул гьезда кIоларе нижеца гьабулин абизе яги нижер алагьзабаца гьабулин абизе. **Цинги дуца гьезда абе: «нуж Аллагьасдаса хIинкъуларел щайха гьесдехун ширк гьабизе?»-абун.**. Гьесда гIасилъизе ва гьев Аллагь гуреб жоялъе гIибадат гьабизе.

**32.** Гьаб кинабго жо жинца гьабулев, кинабго гIаламги жинца хьихьулев **Аллагь вуго нужер хIакъав БетIергьан. ХIакъаб жоялда хадуб къосин гуреб цоги щибжоха букIунеб? Гьаб хIакъаб жоги тун киреха руссунел мушрикал.**

**33. Аллагьасул хIакъаб хIукму рекъон ккана гIасиял, пасикъал гIадамазе гьабураб: «Аллагьасе мутIигIлъиялдаса рахъун, гьесда инкар ккун хьвадарал гIадамал муъминзаби гьечIоян» - абураб.** Гьазие жужахIалъул гIазабги хIакълъула.




**34. Дуца мушриказда абе МухIаммад, нужер алагьзабадаса цонигияв вугищ жинда жо бижизабизе кIолев, цинги гьеб хвезабун цIидаса чIаго гьабизеги кIолев?» - абун.** Гьез дуе жаваб кьечIони, **дуца абе МухIаммад: Аллагь вуго жинца гьечIеб бакIалдаса жо бижизабулев ва хун хадуб гьеб цIидаса чIаго гьабулев» - абун.** Цоги щивго гьечIо гьеб гьабизе кIолев. **Киреха унел гьал мушрикал хIакъаб жоги тун батIулаб, гьересияб жо цIехезе ва гьелда хьвадизе.**

**35. Жегиги дуца абе МухIаммадﷺ, нужер алагьзабазул цонигияв вугищ жинца хIакъаб жоялда тIовитIулев?» - абун. Гьез дуе жаваб кьечIони дуца абе: «Аллагь (عز وجل) вуго жинца хIакъаб нухда тIоритIулев» - абун. Жинца хIакъаб нухда тIоритIулев Аллагьиш вугев жиндие мутIигIлъизе хIакъав, яги жив тIовитIун гурони жинца тIовитIуларев чийищ вугев жиндие мутIигIлъизе хIакъав? Нужее бугеб жо щибха бугеб ва нужеца щиб хIукму гьабулеб?**

**36. Гьел мушриказул гIемерисел руго жидерго ракIалде ккараб жоялда нахърилъулъун гьеб гьабулел гIадамал. Амма гьеб жидер пикру жидее хайир гьечIеб буго ва гьеб хIакъаб нухда рачунеб букIунаро. ХIакълъунго Аллагь жинда лъалев вуго гьез гьабулеб гIамал.**

**37. Гьаб Къуръан Аллагь гурев чияс ургъараб жо букIине рес букIунаро.** Дагьабниги гIакъло бугев чиясда лъала гьаб инсанас ургъараб жо гьечIеблъи ва гьединаб жо ургъизе гьесда кIолареблъиги. **Киннги, гьаб Къуръан буго ТIадегIанав Аллагьасул калам, цересел тIахьалги жинца ритIухъ гьарулеб.** Инжил, Таврат тасдикъ гьабулеб. **Жинда жанир шаргIиял ва гIакъидаялъул масъалабиги баян гьарун ругеб. Щибго жиндилъ шаклъи гьечIеб кинабго гIаламалъул БетIергьан Аллагьасул Къуръан буго.**

**38. Капурзабаца абулебищ бугеб гьаб Къуръан инсанас ургъараб жо бугин абун?** Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жинцаго ургъун бицунеб хабар бугин абун. **Дуца абе МухIаммад, нуж рачIаха цохIо суратги гьабун гьаб Къуръаналда релълъараб, ва нужеца кумекалъеги ахIе Аллагь тун нахъияв нужеего бокьарав чи.** ГIадамазул вукIа, жиназул вукIа, **нуж битIараб бицунеллъун ратани.** Гьаб цIакъ кIудияб ахIи буго ва хIакъаб мугIжизатги буго. гьалъул магIна буго: кинабго халкъалъул тIаса рищарал пасихIал, гIакъилал гIадамазда кIолареб мехалъ Къуръаналъул цохIо сурат гIадаб жо жидеца ургъизе, гьаб тIубарабго Къуръан цохIо МухIаммад аварагасда ургъизе кин кIолеб? Гьалдаса бичIулеб буго хирияб Къуръан ТIадегIанав Аллагьасул калам букIин.

**39. Гьал мушриказ гьереси гьабуна жидер гIилму-лъай жинда сверухъ лъугьунареб Къуръан. Гьезие жеги бихьун гьечIо ва гьезухъе бачIун гьечIо Къуръаналъ жидее къотIи гьабураб гIазаб. Гьаздаго релълъун гьазда цере рукIарал мушриказ ва капурзабаца гьереси гьаруна жидер аварагзаби ва гьезда рештIинарурал тIахьалги. Мун валагьеха МухIаммад, киндай букIана гьел зулмучагIазул ахир абун.**


**40. Гьеб дур умматалдаса руго МухIаммад, жидеца Къуръаналда иман лъолел ва гьелда нахърилълъулел гIадамал. Гьаздаса руго жидеца иман лъоларелги. Аллагь жинда лъалев вуго иманалда тIоритIизе мустахIикъал гьечIел, купру-ширкалъун гьабулел гIадамал.**

**4I. Гьел мушриказ мун гьереси гьавуни, дуца гьезда абе МухIаммад, дица гьабураб гIамалалъул жаза дие букIине буго. Нужеца гьабуралъул жаза нужее букIине буго. Нуж**

**рацIцIадал руго дица гьабулеб гIамалалдаса. Дунги вацIцIадав вуго нужеца гьабулеб гIамалалдаса.** Щивасе жиндир гIамал буго ва гьеб гIамалалъул жазаги букIине буго.

**42. Гьездаса руго дуда гIенеккулел гIадамал.** Амма гьезда щибго жо бичIуларо гьаб Къуръаналдаса. **Дуда кIолищ авараг гIинкъав чиясда жо ргIизабизе? Гьел гIадамал жидеда щибго жо бичIуларел ругони кин дуца гьел тIоритIилел?**

Аяталъул магIна буго: дуда кIоларо МухIаммад Аллагьас иманалда тIоритIичIел гIадамал тIоритIизе. дуда тIадаб буго гьезие Къуръан цIализе ва гьел исламалда ахIизе. Гьез иман лъун гутIи дур гIайиб гьечIо.




**43. Гьел гIадамаздаса руго дуда ралагьун рукIунелги, жидеда мун вухьулел, дуе ругел авараглъиялъул гIаламаталги рихьулел.** Амма жидеда щибго жо бичIчIуларел. **Дуда кIолишха МухIаммад, беццал гIадамал тIоритIизе. жидеда щибго жоги бихьулеб гьечIел?**

**44. ТIадегIанав Аллагьас гIадамазе гьабуларо кинабгIаги зулму.** ХIал кIолареб жо тIад къаларо, мунагь гьечIого гIазаб гьабуларо. **Киннигги, гIадамал руго жидецаго жидер напсазе зулму гьабулел.** Жидеца Аллагьасда ва расуласда инкар ккун, гIасилъаби гьарун.

**45. Аллагьас къиямасеб къоялъ жал тIаде рахъине гьарун** гIарасат майданалда данде гьарулеб мехалъ **капураб агьлоялда ракIалде ккола дунялалда жидеца цохIо сагIат гIадаб мех гуро бан гьечIин абун.** Гьеб къоялъул захIматлъи ва хIинкъи кIудияб букIун. **Гьел цоязе цоял лъалелги рукIуна. Гьеб къоялъ чIорого хутIарал, хъаркIасал гIадамал руго жидеца ахираталда иман лъун букIинчIел, Аллагьасда ццере чIчIей гьереси гьабун букIарал. Гьел гIадамал дунялалда хIакъаб диналда ва битIараб нухда рукIинчIо.**

**46. Дица дуда бихьизабизеги бегьула МухIаммад, мун чIагого вукIун, гьезда щолеб гIазабалъул цо тайпа: дур ракI гIодоб буссине. Гьедин бихьизабичIого мун хваниги гьезул ахир руссин диде буго ва гьезие букIине кколеб жазаалдаса рорчIизе бакIги гьечIо. Аллагь гьез гьабулеб ва абулеб кинабго жо жинда бихьулев ва лъалев вуго.**

**47. Щибаб умматалъе вуго гьезде витIарав расул. Ахираталдаги гьев расулги ццеве вукIун гьабула гьезда гьоркьоб ритIухъаб хIукму ва гьезие щибго зулмуги гьабуларо.**

**48. Гьел мушрикаца абулеб буго МухIаммад, мун махсароде гьавун Аллагьасул Къуръанлда иман лъечIого: «Кидалха букIине бугеб гьаб дуца жиндалъун хIинкъи кьолеб гIазаб, нуж битIараб жо бицулел ратани ва нужер динги битIараб батани?» - абун.**

**49. Дуца гьезда абе МухIаммад, дида кIоларо ва дир ихтияралда гьечIо дирго напсалъе щибго мунпагIат гьабизе яги зарал гьабизе. Аллагьасе бокьун, гьес изно кьураб жоялъулъ гурони. Щибаб умматалъе бихьизабураб заман буго, гьел чIаго рукIунеб ва гьезие гIазаб гьабулебги. Гьеб жидее Аллагьас бихьизабураб гIуж тIаде щвараб мехалъ гьел цохIо лахIзаталъ нахърахъун толаро ва цохIо лахIзаталъ цереги ккезаруларо.**


**50. Дуца гьезда абе МухIаммад, нужеда лъалеб батани нужеца дида бице, гьеб Аллагьасул гIазаб нужехъе къасиниги яги къадниги бачIараб мехалъ, гьелдаса нужее щиб жо щвезе бугеб?» - абун. ЦIакъ квешаб жо бугоха гьел мушрикаца жидеда тIаде цIалеб ва жидеца тIалаб гьабулеб!**

**5I. Нужер ракIищ бугеб; я гьал инкарчагIи, гьеб гIазаб нужеда тIаде щвараб мехалъ гьелда иман лъезе?** Нужеда гьеб къоялъ абизе буго; **«Гьанжейищха нужеца иман лъолеб? Жакъалъизегlан гьеб гIазаб бачIинги, гьелъул хабар бицунев аварагги махсароде гьавун, гьеб хехго бачIин тIалаб гьабулаги рукIун» - абун.**

**52. Гьаб гIазаб гьезде щвараб мехалъ, гьелда инкар ккун рукIарал зулмучагIазда абула: «Гьанже нужеца чIаме даимго нуж жинда жанир рукIунеб гIазаб. Нужее жаза гьабулеб гьечIогурищ нужеца дунялалда гьабураб гIамалалда рекъараб гурони» - абун.**

**53. Дуда гьез абизе буго МухIаммад, дуца нижеда бице, унгого хIакъаб жо бугищ гьеб дуца жиндалъун нижее хIинкъи кьолеб гIазаб абун. Дуца абе «у, валлагьи, хIакъб буго гьеб. Нуж гьеб гIазабалдасан рорчIизеги гьечIо»** - абун.

Нужеца Аллагь гIажиз гьавизеги гьечIо гIазаб гьабиялдаса. Нужер лъутизе, ротизе бакIги гьечIо»- абун.




**54.** Гьаб гIазаб тIаде щвараб мехалъ гьелъул захIмалъиги бихьараб мехалъ**: щибаб напсалъе гьаб дунялалда бугеб щинаб бечелъи, хазина букIарабани, гьеб кинабго кьунги гьеб напсалъ тIалаб гьабизе буго жиб хвасарлъи.** Ва амма гьеб къоялъ гIакIаги босуларо, ришватги къабул гьабуларо, гIазабги тIасса борхуларо. **Гьеб гIазаб бихьараб мехалъ гьелда инкар ккун рукIарал гIадамаз жидер пашманлъи ва къварилъи балъго гьабизе яхI бахъула.** Цогидаз жидеда бадиб чIвай гьабун жегиги жидер гIазаб цIикIиналдаса хIинкъун. **Гьеб хIисаб-мизан гьабулеб къоялъ кинабго халкъалда гьоркьоб хIакъаб ва гIадилаб хIукму гьабула, гьезие щибго зулмуги гьабуларо.** ЛъикIаб гIамалалда данде ажро-кири гьабичIого толаро, квешаб гIамалалъе гIазабги цIикIкIизабуларо.

БахIро абураб тIехьалда абуна: жидеца пашманлъи балъго гьабула абураб рагIиялъул магIна буго: жидеда ракIалдаго букIинчIеб, жиб букIина абун божунги рукIинчIеб гучаб гIазаб бихьараб мехалъ, гьел кIалъазеги, ахIдезеги, гIодизеги кIоларого цIорон хутIула: цо чи кварида ван гъанкъизе цеве вачараб мехалъ цIорон хутIулев гIадин.

**55. Нуж кантIе! ТIадегIанав Аллагьасе буго кинабго зобал-ракьалда жаниб бугеб жоялъул ханлъи. Жегиги нуж кантIе Аллагьасул къотIи хIакъаб букIиналда ва къиямасеб къо бачIинги, гьениб хIисаб-мизан ва жаза гьабизе букIинги хIакъаб букIиналда. ГIемерисел гIадамал гьаб амру гьадин букIин лъаларел руго.**

**56. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезарулевги, ахир къоялъ тIаде рахъинарун гьев Аллагьасде русинаризеги руго.**

**57. Я гьал гIадамал! ХIакълъунго нужехъе бачIун буго Аллагьасул рахъалъан вагIзанасихIат. Нужер ракIазе даруги бачIун буго. Нужее тIоритIелги ва кинабго умматалъе рахIматги бачIун буго.** Гьаб буго хирияб Къуръан. Нужер ракIазулъ бугеб шаклъи ва нипакъ тIаса инабулеб, къосиналдаса нуж цIунулеб, хIакъаб исламияб нух нужеда лъазабулеб. Жинца Аллагь цо вукIиналъул далилал рицунеб, пасадал, ширк гьабулел рекIел хиялал тIаса инарулеб.


ИбнухатIибица абуна: Къуръаналъ рекIел унтаби сах гьарула. Гьел рекIел унтаби цIакъго хIинкъи бугел руго чурхдузул унтабаздаса. РекIел унтиялъ жужахIалда рачуна, черхалъул унтиялъ мунагьал чуриялде рачуна. РекIел унти жинца сах гьабулеб жо гьечIо ва цIаялдаса цIунулеб жоги гьечIо цохIо Къуръан гурони абун.

**58. Дуца абе МухIаммад, нуж роххизе ва нуж жинда разилъизе рекъараб жо буго Аллагьасул цIоб-рахIмат, гьелдалъун роххел гьабе нужеца, гьеб нужее лъикIаб буго нужеца данде гьабулеб дунялалъул боцIиялдаса.**

**59. Дуца мушриказда абе МухIаммад, нужеца дида бице гьаб Аллагьас нужее кьун бугеб ризкъиялъул хабар. Нужеца цояб хIарамаб буго абулеб, цояб хIалалаб буго абулеб. Дуца гьезда абе: Аллагьасишха нужее изно кьураб гьаб иш гьабизе, яги гьеб нужецаго ургъараб жойищ бугеб?** Гьеб жидецаго ургъараб жо буго ва гьересияб жоги буго.

**60. Аллагьасда гIунтIизабун жидеца гьереси бицунел гIадамазда ракIалда бугеб жо щибха бугеб къиямасеб къоялъул хIакъалъулъ. Аллагь цIакъ гурхIел-цIоб кIудияв вуго жиндир лагъзадерида. Ва амма гIемерисел гIадамал гьаб жо жидеда лъаларел руго ва гьел нигIматазе щукро гьабуларелги руго.**

**6I. Дуца щиб гIамал гьабулеб бугониги МухIаммад, дуца Къуръаналдаса щиб жо цIаланиги, нужецаги я гьал гIадамал, щибго гIамал гьабуларо - Дун вукIун гурони нуж рихьулевлъун, нужеда валагьун, нуж гьеб гIамал гьабизе лъугьунеб мехалъ ва нужеца хабар бицунеб мехалъ. Дур БетIергьан Аллагьасе балъго хутIуларо цохIо зарра гIадаб жо, ракьазда бугониги зобалазда бугониги. Гьелдасаги гьитIинаб жо гьечIо ва гьелдаса кIудияб жоги гьечIо жиб лавхIул махIпузалда хъван букIун гурони.** Гьаб амру гьадин бугелъул нужеца гьабулеб кинабго гIамал Аллагьасул шаргIалда боцун гьабе, нужги Аллагьасда гIасилъизеги хIинкъа.




**62. Нужеда лъай я гьал гIадамал! Аллагьасе рокьарал гIадамал (вализаби) руго жидее ахираталда щибго хIинкъи гьечIел ва жал пашманлъизе гьечIел.**

**63. Гьел руго дунялалъул рукъор Аллагьасда ва ахираталда иманлъун, Аллагьасда гIасилъизе хIинкъун хьвадарал гIадамал.**

**64. Гьел гIадамазе дунялалъул рукъобги рохел буго.** Гьел Аллагь лъалел рукIун, жидеца гIибадат лъие гьабулеб ва щай гьабулеб лъалел рукIун. **Ахираталдаги буго гьезие рохел.** Аллагьас нигIматазул алжанал кьун ва жив разилъи, жинда балагьи насиб гьабун. **Гьаб буго цIакъ кIудияб роххел ва цIакъ кIудияб бахьибуголъи.**

Аллагьасул вали абула Аллагь вокьарав, Аллагьасе гIибадат гьабун, гьев разилъи тIалаб гьабун хьвадулев, Аллагьасдаса хIинкъун хIарамаб, карагьатаб жо толев чиясда. ГIемерал сипатал рицун руго унго унгояв Аллагьасул валилъун вугев чиясулъ рукIунел. Гьезул бищунго рес гьечIеб буго дунял тIалаб гьабунгутIи, Аллагьасда таваккал тIамарав вукIин, гьесие гIоло гурони жиндир цIим бахъунарев вукIин, кинабго жо Аллагьасдасан букIин лъан кидаго гьесда разияв вукIин. ГIамал кIодолъи, чIухIи-рецц, жахIда, хIалхъублъи гьечIев вукIин. Жиндирго напс цIакъ гIодобегIан гьабулев вукIин, гIадамал жиндаса лъикIаллъун рихьулев вукIин. Аллагьасул халкъалда гурхIел-рахIмо букIин, тамахав, хIалимав, хIеларав вукIинги.

**65. Мун гьел мушриказул рагIиялъ пашман гьавуге МухIаммад.** Мун авараг гьечIо абураб, дуца бицунеб жо гьереси гьабулеб. **Кинабго кIодолъи ва къадро Аллагьасе буго. Гьав Аллагь вуго жинда гьез бицунеб жо рагIулев ва гьез гьабулеб гIамалги лъалев.** Гьезие жаза гьабизе хIал кIолев вуго Аллагь.

**66. Нужеда лъай, я гьал гIадамал, гьев Аллагьасул мулк букIин зобал ракьалги ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги: гьесул лагъзал руго, гьес рижаралги руго. Жидеца Аллагьги тун цоги жоялъе гIибадат гьабулел гIадамал гьел хъанчазда, алагьзабада нахърилъулъунаро.** Гьел ругелъул рухI гьечIел, гIакълу гьечIел, жидерго квераз гьарурал суртал. **Гьел нахърилъулъуна жидерго напсазе бокьараб жоялда, жидерго гIакълуялда. Ва гьел гьечIо жидеца гьересияб, батIулаб жо гьабулеллъун гурони.** Гьезул гIакъло камилаб гьечIо, гьеб камилаб букIарабани гьез лагъалъи цохIо Аллагьасе гьабилаан. ГIадалаб гIакълу бугезул гIамал ахIмакъаб букIинаришха!


**67. Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан, жинца нужее сордо гьабурав жиндилъ нуж хIалхьон чIолеблъун.** Къад къоялъ дунялалъул ишазулъ свердулел рукIун свакарал гIадамазе сордо буго жиндилъ свак бичулеб, хIалхьи гьабулеб заман. Аллагьасе гIибадат гьабулев чиясул ракI Аллагьасде хIалхьолеб, гьев парахалъулеб гIужги буго сордо. ГIемерисел гIадамал Аллагьасдаса гъапуллъараб

мехалъ гьев чиясе хIалхьи щола Аллагь рехсеялдалъун ва гьесие гIибадат гьабиялдалъун. **Гьев Аллагьас къоги гьабуна жиндилъ канлъи бугеблъун.** Нуж нужерго хIажатазулъ, хIалтIи-пишаялъулъ хьвадизе санагIат бугеблъун. **Гьаб рехсараб жоялъулъги Аллагь цо вукIиналда ва гьесул къудраталда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго, жидеда жо ргIулеб ва гьеб бичIчIулеб къавмалъе.**

**68. Капурзабаца абулеб буго Аллагьас жиндие васлъун цо чи ккун вугин абун. Аллагь вацIадав вуго гьез бицунеб хабаралдаса. Аллагь бечедавги вуго. Гьев Аллагьасе буго зобал-ракьалда жаниб бугеб кинабго махлукъ. Нужее щибго хIужа-гIиллаги гьечIо нужеца абулеб гьересияб ргIиялъе. Нужедаго лъалареб жо щай нужеца абулеб Аллагьасул хIакъалъулъ?** Гьеб жо нужер жагьиллъи ва ахIмакълъи буго.

**69. Дуца абе МхIаммад: «Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бицунел гIадамал жидер щибго лъикIлъиялде квершел батуларел руго» - абун.**

**70. Гьел гIадамал дагьабго мехалъ дунялалда рукIине руго, гьеб дунялалдаса мунпагIат босулел абун. Цинги ахираталда гьезул руссин дида буго.** ХIисаб-мизан гьабизе ва жидее жаза гьабизе. **Гьеб ахираталда дица гьезда цIакъ гучаб гIазаб чIамизабила, гьаб дунялалда жидеца дида ва дир русулазда инкар ккун букIин сабаблъун.**




**7I. Дуца Маккаялъул мушриказе цIале МухIаммад, НухI аварагасул хабар. Гьев НухIица жиндир къавмалда абураб мехалъ: «Я дир къавм! Нужее цIакъго захIмалъун батани дун нужеда гьоркьов вукIин ва дица нужее Аллагьасул амруялдалъун вагIза-насихIат гьабулеб букIинги.** Нужее Аллагьасул аятаздалъун дица хIинкъи кьолеб букIинги. Гьеб захIмалъун нужеца дие хIилла ургъулебги бугони: дун чIвазе абун, нужеда гьоркьоса нахъе къотIизе абун. **Дица таваккал тIамун буго дир БетIергьан Аллагьасда. Нужеца данде бакIаре нужер къуват ва гIахьалчагIи (хьанчал), ва дие гьабулеб тамихIалъе нуж ургъе, нужеца хIукмуги гьабе. Гьеб амруги нужеда гьоркьоб бахчун течIого загьир гьабе. Цинги нужеца гьеб иш тIубазабе цохIо сагIаталъ нахъбахъун течIого»-абун.** Дун Аллагьасда божарав, гьесда таваккал тIамурав вуго, гьесда лъачIого ва гьесул изну гьечIого дида щибго жо щвезе гьечIо.

**72. Нуж дидаса руссун чIей ва нужеца вагIза-насихIат босун гутIи дица нужедаса мухь тIалаб гьабулеб букIиналъе гIоло гьечIо нуж хIакъаб диналда ахIаралъухъ.** Гьеб руссун чIей буго нужерго купру ва къосин. **Дие ажро-кири Аллагьасда аскIоб буго дица гьесул амруялда нахъвилъулъун нуж хIакъаб диналда ахIиялда данде. Аллагьас дида амруооги гьабун буго дун исламияб диналда вукIа абун:** Аллагь цо гьавун гьесие мутIигIлъун вукIа абун. Нужеца алагьзабилъун ккурал хъанчаздаса рикIкIалъе ва гьезда рагъ гьабе абунги.

**73. Жиндир къавмалъ НухI авараб гьереси гьавуна. Цинги дица НухI аварагги, гьесда цадахъ ругел муъминзабиги гамида жанир рекIинарун хвасар гьаруна. Гьал муъминзаби ракьалда тIад цIияб насло тIибитIиялъе аслолъунги гьаруна. Дир аятал гьереси гьарурал, НухI аварагасда нахърилъличIел гIадамалги дица гъанкъизаруна. Дуца пикру гьабеха МухIаммад, жидее хIинкъи кьедалго гьеб босичIел къавмазул ахир киндай ккана абун.** Аяталъул мурад буго цересел умматазул хабар бицун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI парахат гьаби: гьез аварагзаби гьереси гьарураблъи ва Аллагьас гьел гьалаг гьарун жиндир русулазе квер бакъараблъиги. Гьединго аяталъ хIинкъи кьолеб буго Маккаялъул агьлуялъеги: нужеца иман лъечIони, гьел къавмазе гьабураб гIазаб нужееги гьабула Аллагьас абун.


**74. Гьав НухI аварагасда хадурги ритIана дица аварагзаби жидер къавмазухъе. Аллагьасул рахъалъан хIакъал хIужабигун ва мугIжизаталгун рачIана гьел русулал. Амма гьел къавмазги иман лъечIо дол цересел къавмаз гьереси гьабураб жоялда.** Дозие гьабураб гIакъуба-гIазабалъул гьезие вагIза-насихIатги лъугьичIо. **Гьадин мугьру чIвала дица жидеца иман лъоларел, купру-ширкалъулъ ва хIал хъублъиялъулъ гIорхъолъан арал гIадамазул ракIазда.**

**75. Гьелдаса хадуб дица Муса ва Гьарун авараг витIана пиргIавнида ва гьесул къавмалда, дир мугIжизаталгун цадахъ. Муса аварагасда нахърилълъизе гьел чIухIана ва цIакъ кIудиял пасалъаби ва гIасилъаби гьарулеб къавмлъун лъугьана.**

**76. Гьезухъе дир рахъалъан бугеб хIакъаб Рисалат бачIараб мехалъ,** гьеб рисалат босун Муса аварагги вачIараб мехалъ, **гьез абуна: «Гьаб жо цIакъ баянаб, лъикI ругьун гьабураб сихIго буго» - абун.**

**77. Муса аварагас абуна: «Аллагьасул рахъалъан бачIараб хIакъаб жоялдеги нужеца абулеб буго гьеб сихIго бугин абун. СихIрочагIи кидаго бергьунаро ва гьезул лъикIлъиялда квершелги батуларо» - абун.**

**78. ПиргIавнил къавмалъ абуна: «Мун нижехъе вачIунищха вугев ниж нижер умумазул диналдаса руссинаризе? Нуж кIиясего бокьунищ бугеб нуж рукIине гьаб мисриялъул ракьалда ханзабилъун. Ниж гьечIо нужеда божулеллъун ва нужеда нахъ рилълъулеллъунги» - абун.**




**79. Цинги пиргIавница жиндир вазиразда абуна: «Нужеца данде ракIарун дихъе раче бищунго лебалал сихIрочагIи» - абун.**

**80. Гьел сихIго чагIи рачIараб мехалъ Мусаца гьезда абуна: «Рехе нужерго сихIго гьабулеб алат гIодобе» - абун.** ГIунсби ва кварал рукIана гьезда кодор ва жидеца гьел гIодоре рехана. Гьезул чIагоял борхьазул сурат лъугьун, гьел хьвадизе лъугьана.

**8I. Гьез гIунсби ва кварал гIодоре рехун, гьел борхьал ругин ракIалде ккезабидал, Муса аварагас абуна: «гьаб нужеца гьабураб жо буго унго-унгояб сихIго. Аллагьас нужер гьеб сихIго батIул гьабизе буго. ХIакълъунго Аллагьас пасадал чагIазул гIамал лъикIаблъун ва битIараблъун гьабуларо,**

**82. Аллагьас хIакъаб жо хIакъаблъунги гьабула жиндир хIужабаздалъун ва мухIканал далилаздалъун, купру-ширкалдалъун Аллагьасда гIасилъарал гIадамазе кигIанго гьеб рихун бугониги» - абун. Цинги Муса аварагас жиндир гIанса гIодобе рехарабго гьелъ дозул гIунсбиги кваралги кIалдире рачун къулчIана. СихIго чагIазда якъинго лъана гьев Муса Аллагьасул расул вукIин ва жидеца гьесда иман лъуна.**

**83. Муса аварагасда иман лъечIо ва гьесда нахъги рилълъичIо бануисраилазул дагьалго гIадамал гурони. Гьел гIадамал хIинкъана пиргIавнил ва гьесул чукъбузул зулмуялдаса.** Жидее гьез гIазаб гьабила абун. ЦIакъ залимав хан вукIана гьев пиргIавн, жив Аллагь вугоян абизе нечечIев. **ЦIакъ ракьалда пасалъи ва зулму гьабулев, гIамал кIудияв пасикъ вуго гьев пиргIавн. ГIорхъолъан ворчIарав, гIасилъи бергьарав ахIмакъги вуго.**

**84. Муса аварагас абуна: «Я дир къавм: нуж Аллагьасда иман лъурал ратани нужеца гьесда таваккалги тIаме, нуж Аллагьасе мутIигIал ратани** Аллагьас нужее гIей гьабизе буго нужер киналго умуразулъ ва нужедаса балагь-къварилъиги борхизе буго абун.


**85. Мусал иман лъураб къавмалъ абуна: «Нижеца Аллагьасда тавакал тIамуна: я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца ниж гьаруге гьеб зулмуяб къавмалъе питналъун.** Дуца гьел нижее зулму гьабизе реччаге, цинги жидеца абизе: «гьал гIадамал хIакъаб диналда рукIаралани гьал нижедаса къезе рукIинчIо» - абун.

**86. Дурго цIоб рахIаталдалъун дуца ниж хвасарги гьаре Аллагь, гьаб пиргIавнил капураб къавмалъул зулмуялдаса» - абун.**

**87. Цинги дица Муса аварагасда ва гьесул вац Гьарунида вахIю гьабуна нужеца къавмалъе мисриялъул ракьалда минаби ва росаби ккве абун. Цинги нужер рукъзалги гьаре къиблалъун, гьел рукъзабахъ какалги рай ва дуца муъминзабада роххелги бице.** Аллагьас квербакъиялдалъун, тушбабазда нуж бергьине рукIиналдалъунги.

**88. Муса аварагас жиндир БетIергьанасда дугIа гьабун абуна: «Я нижер БетIергьан! Дуца пиргIавние ва гьесул агьлоялъе кьун буго гIемераб бечелъи ва гIарац-месед, гьелъул чIухIдае тIад ретIулеб курхьен кIиликIги. Гьез гьеб бечелъи кколеб буго дур гIемерисел лагъзал битIараб нухдаса къосинариялъе сабаблъун ва дуе гIибадат гьабиялдаса гьел руссинарилъе нухлъунги. Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца гьезул боцIи-мал гьалаг гьабе, цо балагь тIаде биччан тIагIизе гьабе. Дуца гьезул ракIал цIакъ щула гьаре, жидеда мугьру чIван, гьезда жаниб щибго лъикIлъи лъугьунареб хIалалъ. Жидеца иман лъечIого букIине дур гучаб гIазаб жидеда бихьизегIан. Цинги гьезие гьеб иманалъ щибго мунпагIат гьабичIого букIине» - абун.**

Муса аварагас гьаб пиргIавнил къавмалъе квешаб дугIа гьабиялъе сабаб буго гьел цIакъ къосарал, зулму гIемерал, гIасилъи бергьарал рукIин. Цогиги сабаб буго Аллагьасул илгьамалдалъун Муса аварагасда лъалеб букIана гьеб къавмалъ иман лъезе гьечIеблъи. Гьезул боцIи-мал гьалаг гьабе абун гьариялъе сабаб буго: гьединаб капураб, гIасияб, пасикъаб, къавмалъухъ гIемераб бечелъи ва хазина бихьараб мехалъ гIадамазда ракIалда кколеб букIана гьел битIараб диналда ругин, гурони Аллагьас гьел ханлъиялда ва бечелъиялда тезе рукIинчIин абун.




**89. TIадегIанав Аллагьас абуна: «Нуж кIиясулго дугIаялъе жаваб кьуна. Нуж Аллагьасе гIибадат гьабиялда ва гьесул диналда халкъ ахIиялда ритIун чIа. Нуж нахърилъльунге жидеда щибго жо лъаларел ахIмакъал гIадамазул нухда» - абун.**

**90. Дица бану исраилазда ралъад бахинабуна.** Аллагьасул салам лъеяв Муса аварагас гIанса кьабун анцIила кIиго нух лъугьун ралъад бикь-бикьун ана ва Муса авараг жиндир къавмгун цадахъ щибго къварилъи ккечIого, хIетIе-квер биччичIого дорехун рахана. Гьеб ралъад буго гьанже суэцкий канал бугеб бакIалда гIагарда. **Гьев Мусада ва гьесул къавмалда хадур лъугьана пиргIавнги гьесул къавмги тушманлъи гьабун ва жидеца гьел гьалаг гьаризе къасдалда.** ПиргIавнида ракIалда букIана бануисраилал ралъдалъе кIанцIизарун гьанкъизаризе. **Цинги пиргIвнида тIаде ралъад бачIиндал ва жив гьанкъулев вукIин гьесда якъинлъидалго гьес, абуна: «дица иман лъуна цохIо Аллагь гурев цоги Аллагь гьечIев, бануисраилаз жинда иман лъурав, ва гьез гIибадат гьабулев Аллагьасда. Дунги гьесда мутIигIлъараздаса вуго» абун**. «Лаилагьа илла Ллагь» абун чIечIого жегиги «дун Аллагьасда мутIигIав вуго» абуна гьес, жиндир тIубанго рес къотIидалго ва Аллагь гурхIани гурого жиндие ворчIизе бакI гьечIеблъи бичIиндал. ИбнугIаббасица абуна: Жабраил малаикас гьесул кIалдибе хIаш къазабуна, гIемер зигардун, Аллагь гурхIун гьев гьанкъиялдаса хвасар гьавичIого вукIине бокьун-абун.

**9I. TIадегIанав Аллагьас абуна: гьанжейишха дуца иман лъолеб, гьеб иман лъеялъ дуе щибго кумек гьабулареб гIужалъ дунялалда мун цIакъ чIухIун, дида гIасилъун хьвадулевги вукIун.**

**92. Гьанже дица жиндилъ рухI гьечIеб дур къаркъала хвасар гьабила, дудасан хадур рачIулел гIадамазе вагIзалъун букIине. ГIадамазул гIемерисел дир аятаздаса ва дир мугIжизатаздаса гьапулал руго ва гьезда мугъ бан чIолел руго.** Гьезул пикру гьабулеб гьечIо ва гьездаса жидее гIакълоги щолеб гьечIо.

**93. Цинги дица бануисраилал рештIинаруна ва гьел бетIергьабилъун гьаруна Мисриялъул ва Шамалъул лъикIал, магIишат гьабизе санагIат бугел ракьазда. Гьезие батIи-батIияб ризкъиги кьуна. Гьел бануисраилал жидер диналъулъги хилиплъичIо жидехъе гIилму бачIун гурони. ХIакълъунго дур БетIергьанас гьезда гьоркьоб хIукму гьабизе буго МухIаммад, къиямасеб къоялъ, гьел жиндилъ хилиплъараб диналъул хIакъалъулъ.**


**94. Гьаб дуде рештIинабураб ягьудиязул хабаралъул дуе хIакъикъат лъазе бокьани, дуца гьел ягьудиязул тIахьал цIалулел гIадамазда гьикъе: дудаса ццере рукIарал гьел тIахьалги.** Инжил Таврат цIалулел гIадамазда гьикъе щиб жо хъван бугеб гьел тIахьаздаян абун. **Духъе бачIараб Къуръан хIакъаб Аллагьасул калам буго МухIаммад, жинда жаниб батIулаб жо гьечIеб, жинца хIакъаб жоги бицулеб. Гьеб амруялъулъ мун шакдаруге ва гьел мушриказул хабаралъ дур ракIалда вас-вас рехизабуге.**

Муса аварагасухъе таврат кьун хадуб байбихьана жидеца гьесда хилиплъизе. Аллагьасул нигIматал гIемерлъидалго, гьезда шукро гьабизеги тIалъун букIадго, ягьудияз гIамал кIодолъи загьир гьабизе байбихьана. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг витIизегIан ягьудиязул гIалимзаби гьесде иман лъурал рукIана, тавраталда бугеб биценалда рекъон. Гьев авараг витIун хадуб хилиплъана гIемерисел гьесул хIакъалъулъ ва гьесда инкар ккун чIана.

**95. Мун вукIинего вукIуге МухIаммад, жидеца Аллагьасул аятал ва мугIжизатал гьереси гьарулездаса. Цинги мун дунялги ахиратги гIадада ккарал, жал чIорого хутIарал гIадамазда гьоркьов вукIуна.**

**96. ТIадегIанав Аллагьасул азалияб гIилмуялда рекъон жидее жужахI хIакълъарал гIадамаз иман лъоларо.**

**97. Жидехъе кигIан гIемерал ва кIудиял мугIжизатал рачIаниги, жидеда гучаб гIазаб бихьизегIан гьез иман лъоларо.** ЧIаго дунялалда бихьун гьеб гIазаб, пиргIавнида бихьараб гIадин, яги ахираталда жужахIалъул гIазаб бихьун.




**98. Цониги росдал агьло букIарабани жидее хIинкъи кьураб мехалъ жидеца иман лъурал ва гьеб иман лъеялъ жидее мунпагIатги гьабурал.** Дица гьалаг гьарурал умматаздаса цониги умматалъ иман лъечIо жидее хIинкъи кьураб мехалъ. **ЦохIо Юнус аварагасул къавмалъ гурони. Гьез иман лъураб мехалъ дица гьездаса борхана гьел дунялалъул рукъор инжит гьаризе букIараб гIазаб ва дица гьел нахъ рахъун тана жидее кьураб ажал (гIумру) тIубазегIан**.

**99. ТIадегIанав Аллагьасе бокьараб ани гьаб ракьалда тIад бугеб кинабго халкъ букIинаан жидеца иман лъурал.** Кинниги, Аллагьас гьеб халкъ тун буго жидеца тIаса бишараб нухда хьвадизе ва гьезда хIал гьабун, гьезие бокьичIого иман лъезабулеб гьечIо. **Дудаги кIоларо МухIаммад гьел гIадамазе бокьун гьечIеб мехалъ гьезда иман лъезабизе.** Дуда тIадаб жо буго гьел иман лъеялда ахIи. ХIал гьабун гьезда иман лъезабизе абун мун лъугьуге, гьез иман лъечIо абун дур ракIги къварилъуге.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг цIакъ яхI бахъулев вукIана киналго гIадамаз иман лъезе бокьун. ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIизабун жиндир аварагасда бицана ЛавхIулмахIпузалда бахьибугеллъун ругел гIадамаз гуро иман лъоларин ва гьенир къосараллъун ругел гIадамал жидер къосиналда хутIулин абун.

**I00. Аллагьасул изнуялдалъун ва гьесул тавпикъалдалъун гурони иман лъоларо цониги напсалъ. Аллагьас жиндир гIазаб тIад гьабула жидеца Аллагьасул гIаламатазул пикру**

**гьабуларел ва жидер БетIергьан Аллагъ вукIин лъаялда нухги балагъуларел ахIмакъал гIадамазда.**

**I0I. Дуца абе МухIаммад, нуж ралагъун нужеца пикру гьабе, я гьал гIадамал, зобал-ракьазда жаниб щиб жодай буго абун ва гьелдалъун Аллагъ цо вукIиналда далилги босе. Ва амма жидеца иман лъоларе къавмалъе гIей гьабуларо кигIан кIудиял гIаламатал рихьаниги ва жидехъе аварагзаби рачIун гьез жидее хIинкъи кьуниги.**


**I02. Гьел купарал ва жидеца ширк гьабулел гIадамал жинда ралагъун ругеб жо гьечIо,** ва гьезда тIаде бачIине бугеб жоги гьечIо гьезда церехун рукIарал, **гьезда релълъарал къавмазда бачIараб гIадаб жо гурони.** Гьел къавмазда Аллагъасул гIазаб щвана. **Дуца гьезда абе МухIаммад: «Нуж ралагъун рукIаха кинаб ахирдай ккола нужер къосиналъулги, Аллагъасда данде рахъиналъулги. Дунги вуго нужгун цадахъ гьеб ахир бачIиналда валагъун вугев»-абун.**

**I03.** Квешаб къавмалда рештIинабулеб мехалъ **дица аварагазабиги, дида иман лъурал муъминзабиги гьеб гIазабалдаса хвасар гьарула. Дида тIадаб, хIакъаб жо буго дица иман лъурал гIадамал гIазабалдаса хвасар гьари.** Дунялалъул букIа гьеб гIазаб яги ахираталъул букIа.

**I04. Дуца мушриказда абе МухIаммад, Я гьал гIадамал! Нуж шакдарулел ратани дун жиндалъун вачIараб хIакъаб Аллагъасул диналъулъ: дица лагълъи гьабулеб гьечIо нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе, жиндие лагълъи гьабизе хIакъав Аллагъасе лагълъи гьабиги жибго тун. Дица лагълъи гьабулеб буго жив цогояв Аллагъасе, жинца нужги хвезарулев. Дида амруги гьабун буго дун вукIа абун Аллагъ цо гьавун, гьесие гIибадат бацIад гьабулел муъминзабадаса.**

**I05. Жегиги дида амру гьабун буго дун жиб битIараб, бацIадаб Ибарагьимил миллатлъун бугеб исламияб диналда чIа абун ва Аллагъасде ширк гьабулел гIадамаздаса вукIунге абун.**

**I06. Аллагъгун цадахъ цоги шибниги жоялъе гIибадат гьабуге абунги: шибго жинца дуе зарал гьабулареб ва мунпагIатги гьабулереб. Нагагь дуца ширк гьабуни мунги жидеца напсазе зулму гьабулел гIадамаздаса вукIина абун.**




**I07. Аллагъасул рахъалъан дуда щиб бугониги зарал ва къварилъи щвараб мехалъ, гьеб дудаса нахъбосулев чи гьечIо цохIо Аллагъ гурони. Аллагъасе бокьун бугони дуе цо лъикIлъи гьабизе, гьеб Аллагъасул цIоб - рахIмат нахъчIвазе кIолев чиги гьечIо. Аллагъас цIоб-рахIмат щвезабула жиндие вокьарав чиясда. ХIакълъунго Аллагъ жив гурхIулев, жинца мунагьал чурулев вуго.**

**I08. Дуца абе МухIаммадﷺ, «Я гьал гIадамал! Нужехъе БетIергьан Аллагъасул рахъалъан хIакъаб Къуръанги динул-исламги бачIун буго. Гьеб динул-исламалдаги вачIун битIараб нухда хьвадарав чи жиндирго напсалъе лъикIлъи гьабурав вуго,** дунял ахираталъул лъикIлъи жиндие насиблъаравги вуго. **Жив къосарав, Аллагъасда (عز وجل) иман лъечIого чIарав чи жиндирго напсалъе зулму гьабурав вуго.** Гьелъул балагъ ва гIазаб гьесие букIине буго. **Дун нужеда тIад вакиллъун гьавун гьечIо.**

**I09. Дур киналго умуразулъ мун нахъвиллъа МухIаммад ﷺ, дуда вахIю гьабураб жоялда. Ва дуца саброги гьабе гьеб вахIю умматалъухъе щвезабиялда, гьел диналда ахIиялдаги, Аллагъас дудаги гьеб умматалдаги гьоркьоб хIукму гьабизегIан.** Иман лъолелги, иман лъоларелги загьир гьарун, ратIа гьаризегIан. **Гьев Аллагъ (عز وجل) вуго жинца гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабулезул бищунго лъикIав.**

**II. Сурату Гьуд**

**I. Алиф, Лам, Ра.** Гьал хIуруфаздалъун бугеб мурад Аллагъасда лъала.

Мунтахаб абураб тафсиралда гьадин абуна буго: «хирияб сурат бай бихьун буго гьал хIарпаздалъун, Къуръан жинца гIадамал гIажиз гьарулеб жо букIиналда тIоритIел гьабун. ГIарабиял хIарфаз хъвараб бугониги пасихIал гIарабиязда кIвечIо Къуръаналда релълъараб жо гьабизе.

Гьеб Къуръан цIалулеб мехалъ гьелда гIенеккизе, хирияб Къуръан жиндир къадро кIудияб Аллагьасул калам букIиналда божун, гьелда жаниб щибго батIулаб, гIададисеб жо гьечIеблъи лъан. Жинда жаниб пасихIаб мацIалдалъун, гIажаибаб назмоялдалъун шаргIиял ахIкамал баян гьарураб, жинца инсан хIакъаб нухда тIовитIулеб Аллагьасул калам букIиналда ракI чIун.

**Гьаб буго Аллагьасул калам Къуръан, жиндир аятал мухIкан гьаруараб, жиделъ нукъсанлъи ва загIиплъи гьечIел. Цинги гьел аятазда жанир щаргIиял ахIкамалги баян гьарурал.** ХIалалаб ва хIарамаб жо баян гьабурал, дунял-ахираталда инсан жинда хIажалъулеб жо бицараб. Гьеб Къуръан рештIинабиги, гьелъул аятал мухIкан гьариги, хIукмаби баян гьариги. **Аллагьасул рахъалъан буго. Жинда кинабго жоялъул хIикмат лъалев, щибаб жоялъул маслахIат лъалев хIакимияв гIалимлъун жив вугев.**


**2.** Гьаб Къуръан рештIинабун ахIкамал баян гьарун руго**. Нужеца цохIо Аллагьасе гурони лагълъи гьабичIого букIине. Дунги вуго гьев Аллагьасул Расул, дица нужее хIинкъи кьолев ва роххел бицунев.** Аллагьасда инкар ккурав, гьесда ширк гьабурав чиясе жужахIалдалъун хIинкъи кьолев. Аллагьасда иманлъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясда алжаналъул роххелги бицунев.

**3. Нужеца Аллагьасдаса мунагьал рахчи тIалаб гьабе, цинги тавбо гьабун Аллагьасде руссун киналго квешал гIамалги те,** Аллагь разилъи тIалаб гьабунги хьваде. **Гьедин нуж хьвадани Аллагьас нужее лъикIаб, берцинаб гIумру кьела жиндир цIараб заман щвезегIан (жив хвезегIан). Щивав жинца лъикIаб гIамал гьабурав чиясе гьелда релълъараб ва жеги лъикIаб жазаги гьабула. Къуръанада нахърилъиналдаса ва дие мутIигIлъиялдаса нужеца мугъ бани, ва нуж дидаса руссун чIани, дун хIинкъун вуго нужеда къиямасеб къоялъул гIазаб щвела абун.**

**4. ТIадегIанав Аллагьасде буго ахираталда нужер киназулго руссин, гьев Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIал кIолев.**

**5. Мун кантIе МухIаммад, гьел мушриказдаса цо гIадамал руго жидеца ракIалда жаниб аварагасде тушманлъи бахчарал ва гьеб загьирлъиялдаса хIинкъун рукIунел.** Гьел мушриказда ккколеб буго жидер хIал Аллагьасда лъаларин абун. **Нуж кантIе! Жидер ретIелалъулъги рахчун, босада регун, бецIаб сардилъ бецIаб рукъор ругониги гьез гьабулебги, гьезул ракIазда жаниб бугебги жо лъалев вуго Аллагь. Гьев жинда лъалев вуго гIадамазул рекIел хиялалги.**

**6. Ракьалда тIад цониги рухIчIаголъи гьечIо Аллагьас жиндие ризкъи кьолеб букIун гурони. Аллагьасда лъала ракьалда тIад щибаб рухIчIаголъи чIолеб бакI, сардилъ жиб буссунеб, жинца босен ва рукъ ккураб бакI. Гьединго Аллагьасда лъала кидал ва щиб бакIалда щибаб рухIбугеб жо хун ракьалде буссунеблъиги. Гьеб кинабго жо, ва гьеб гуребги зобал-ракьалда лъугьулеб жо, лавхIул махIпузалда хъван бугеб буго.**




**7. Гьев БетIергьан Аллагь вуго.** жинца нуж рижарав ва нужее ризкъи кьолев, **Жинца зобалги ракьалги анлъго къоялда жанир рижарав. Зобал-ракьал рижилелде цебе Аллагьасул гIаршги лъималда тIад букIана. БетIергьан Аллагьас гьаб кинабго махлукъатгун цадахъ нужги рижана, нужеца щиб гIамалдай гьабулаян абун хIал бихьизе.** Нужедаса Аллагь разилъи тIалаб гьабун хьвадулев щив вукIунев лъазе ва нужер гIамалазда рекъараб жаза гьабизе. **Гьаб кинабго махлукъат бижарав халикъги вугин нужер БетIергьан Аллагь ва нужги хун хадур тIад рахъинаризе ругин дуца абураб мехалъ, я МухIаммад, гьеб къавмалъул инкарчагIаца абизе буго: «гьаб Къуръан гьечIо жиб баянаб сихIро гурони,** гьаб Аллагьасул калам гьечIо» **- абун.**


**8. Жидее дунялалда гIазаб гьабичIого, гьеб цо заманаялъ нахъбахъун тараб мехалъ гьез абизе буго щиб бугеб гьеб гIазаб ккун чIезабураб жо абун.** Гьеб ргIи буго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг махсароде гьавун абулеб ргIи. **Нуж кантIе, гьеб гIазаб гьезухъе бачIараб мехалъ гьеб нахъ буссинабуларо, ва гьезие хIакълъула жидеца махсароде гьабулеб букIараб гIазаб, гьезул къабихIаб гIамалалъул жазалъун.**

**9. Дица инсанасе нигIматал кьураб мехалъ:** сахлъи кьун, божилъи кьун, ризкъи кьун, **цинги гьел нигIматал гьесдаса нахъеги росараб мехалъ, гьев цIакъ хьул къотIаравлъун, Аллагьасул нигIматазда инкар ккуравлъун лъугьуна.**

**I0. Цинги гьеб къварилъиги тIаса босун дица жиндие нигIматал кьураб мехалъ гьев чияс абула: гьанже дидаса къварилъи тIаса ана ва тIокIаб дида гьеб бихьизе гьечIо абун. Гьев цIакъ чIухIун, жиндир гьалмагъзабадаса тIокIавлъун хьвадула.** Гьаб гIамал буго жидер рекIелъ иман гьечIел гIасиял гIадамазул гIамал: жидее нигIматал кьолевги гьел нахъе росулевги Аллагь вукIин лъачIого хьвадула гьединал гIадамал. НигIматал кьураб мехалъ шукру гьабизе лъаларо ва гьел тIаса росараб мехалъ сабро гьабизеги лъаларо гьезда.

**II. Жидеда къварилъи щвараб мехалъ сабро гьабулел, кинабго хIалалъулъ жал лъикIаб гIамал гьабунги хьвадулел,** нигIматазулъ ругониги, къварилъиялда ругониги жидеда Аллагь ракIалда вукIунел ва гьесие гьабулеб гIибадат гьоркьоб толарел,**- гьал муъминзаби гьечIо дол ццере рицарал гIадамаздаса. Гьал руго жидее Аллагьасул рахъалъан мунагьал чури бугел ва ахираталда кIудияб ажроги бугел.** ЖужахIалъул цIаялдаса цIунун, абадиял алжаназул нигIматал кьун, жидеда Аллагь разилъун ва гьев Аллагьасул гьумералда балагьи жидее ризкъилъун гьабун.

**I2. Мун ватизе бегьула, МухIаммад, дуда рештIинабураб Къуръаналъул цо-цо жо гьел мушриказухъе щвезе гьабичIого толев,** дуца бицараб жоялда божичIого гьез мун махсароде гьавизе бокьичIого, **дур ракIги цIакъ къварилъун буго гьел мушриказ мун гьереси гьавулев вукIин рихун. Дуца гьелъул къварилъи гьабуге МухIаммад, ва дуда вахIю гьабураб жо гьеб къавмалъухъе щвезабе. Гьел мушриказ абуниги МухIаммадида гIемераб хазина рештIинабураб анищ абун, яги гьевгун цадахъ малаик вачIарав ани абунги, гьеб ргIиялъул дуца кIвар гьабуге. Мун вуго гьел мушриказе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев чи. ТIадегIанав Аллагь вуго кинабго амру жинда кодоб бугев.** гьезул гIамалазда рекъараб жазаги гьабизе буго Аллагьас.




**I3. Гьел мушриказ абулебищ бугеб гьеб Къуръан дуцаго ургъун цIалулеб жо бугин абун? Дуца гьезда абе нуж рачIаха цо анцIго суратги гьабун гьаб Къуръаналда релълъараб абун. Гьеб анцIго сурат гьабизе нужеего бокьарал пасихIал, гIакъилал гIадамалги данде гьаре, цохIо Аллагь хутIизегIан, нужеца бицунеб жоялъулъ ритIухъал ратани.**

**I4. Гьез дуе жаваб кьечIеб мехалъ нужеда лъай, я гьал мушрикал, гьаб Къуръан буго Аллагьас вахIю гьабун рештIинабураб,** Жабраил малаик гьоркьов ккун. **Гьев Аллагь гурев цоги аллагьги гьечIо жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Гьаб мугIжизат нужее загьирлъидалго нужеца иман лъе ва аварагасда нахърилълъа.**

**I5. Жидер лъикIаб гIамалалдалъун ва берцинаб хьвадиялдалъунги цохIо дунялалъул чIаголъи бокьун, гьеб тIасса бищун вугев чиясе дица гьезул гIамалазул ажро гьаб дунялалдаго тIубазабула.** Гьезие сахлъи кьола, ризкъи кьола, хIинкъи гьечIеллъун гьарула, рекIел гъеялъе лъимал-хъизан кьола. **Ва гьезие щибго мукъсанлъиги гьабуларо жидее мустахIикъаб ажроялдаса.**


**I6. Гьел гIадамал руго жидее ахираталда жужахIалъул цIа гуреб цоги жаза гьечIел, дунялалда гьабураб жидер кинабго гIамалги гIадада хварал, гьез гьабулеб жоги букIана батIулаб, жидер ахираталъе мунпагIат гьечIеб.** Аллагьасда иман лъун, гьев разилъи тIалаб гьабун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун ва алжаналда хьуллъун гьабураб гIамал буго жиб гIадада холареб.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна гьаб кIиго аят бугин рияалъе гIоло, гIадамазе берцин бихьизе гIоло гIамал гьабулел бусурбабазул хIакъалъулъ бугеб. Гьезие ахираталда щибго хайир букIунаро ва гIадамазе гIоло, гьел разилъи тIалаб гьабун гIамал гьаби ширк бугелъул гьел жужахIалдаги унин абун. Жидеда Аллагь разилъаял Анас асхIабас ва ХIасаница абуна: гьаб кIиго аят насраниязул ва ягьудиязул хIакъалъулъ рештIинабураб бугин абун.

**I7. Жидер БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб хIакъаб тIоритIелалда нахърилълъарал, жидее баянаб хIужаги бугел, жидер нухги Къуръаналъул нуралъ гвангъизе гьабурал, хирияв авараг ва гьесда иман лъурал муъминзаби релълъунищ ругел жидее дунялалъул чIаголъи бокьарал, Аллагьги ахиратги лъаларел гIадамазда. Гьев авараг ритIухъав вукIиналъе нугIлъи гьабун, гьесухъе Къуръан босун Жабраил малаикги хьвадула. Гьалдаса ццебеги Муса аварагасда рештIинабураб Таврат буго жинда нахърилълъаразе имамлъун букIараб ва гьеб рештIараб къавмалъе рахIматлъунги букIараб. Аллагьас жал тIоритIарал, жидер нухги нур бараблъун бугел гIадамал руго гьеб Къуръаналда иман лъолел. Гьелда инкар ккун чIарал къокъаби жидер руссунеб бакI жужахI бугел руго. Мун шаклъуневлъул вукIунге гьаб Къуръанги, гьелъул хIукмоги хIакъаб букIиналда. Аллагьасул рахъалъан бугеб хIакъаб калам буго гьаб Къуръан. Гьаб амро гьадин бугониги гIемерисел гIадамал гьелда иман лъоларел руго.**

**I8. Аллагьасда гIунтIизабун гьереси бицунел гIадамаздаса жидер зулму кIудиял щалха рукIинел. Гьел гIадамал къиямасеб къоялъ чIезаризе руго жидер БетIергьан Аллагьасда ццере ва гьезие халкъалъги малаикзабацаги нугIлъи гьабизе буго: гьал ругин жидеца Аллагь гьереси гьавулел рукIарал, гьесда иман лъечIого, гьесде ширк гьабун рукIарал гIадамал абун.** Нужеда лъай, я гьал муъминзаби, **Аллагьас лагIнат кьола,** (жиндир цIоб рахIматалдаса рикIкIад гьарула**) гьадинал зулмучагIи.**

**I9. Жидеца гIадамал нахъчIвалел рукIарал Аллагьасул диналдаса ва гьересияб, гьетIараб нух тIалаб гьабун хьвадулел рукIарал. Гьал руго жидеца ахираталда инкар ккун рукIарал гIадамал.**


الجزء الثاني عشر سورة هود
أُولَٰئِكَ لَمْ يَكُونُوا۟ مُعْجِزِينَ فِى ٱلْأَرْضِ وَمَا كَانَ لَهُم مِّن دُونِ
ٱللَّهِ مِنْ أَوْلِيَآءَ ۘ يُضَٰعَفُ لَهُمُ ٱلْعَذَابُ ۚ مَا كَانُوا۟ يَسْتَطِيعُونَ
ٱلسَّمْعَ وَمَا كَانُوا۟ يُبْصِرُونَ ﴿٢٠﴾ أُولَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓا۟
أَنفُسَهُمْ وَضَلَّ عَنْهُم مَّا كَانُوا۟ يَفْتَرُونَ ﴿٢١﴾ لَا جَرَمَ أَنَّهُمْ
فِى ٱلْءَاخِرَةِ هُمُ ٱلْأَخْسَرُونَ ﴿٢٢﴾ إِنَّ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟
ٱلصَّٰلِحَٰتِ وَأَخْبَتُوٓا۟ إِلَىٰ رَبِّهِمْ أُولَٰٓئِكَ أَصْحَٰبُ ٱلْجَنَّةِ ۖ
هُمْ فِيهَا خَٰلِدُونَ ﴿٢٣﴾ مَثَلُ ٱلْفَرِيقَيْنِ كَٱلْأَعْمَىٰ وَٱلْأَصَمِّ
وَٱلْبَصِيرِ وَٱلسَّمِيعِ ۚ هَلْ يَسْتَوِيَانِ مَثَلًا ۚ أَفَلَا تَذَكَّرُونَ
﴿٢٤﴾ وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا نُوحًا إِلَىٰ قَوْمِهِۦٓ إِنِّى لَكُمْ نَذِيرٌ مُّبِينٌ ﴿٢٥﴾
أَن لَّا تَعْبُدُوٓا۟ إِلَّا ٱللَّهَ ۖ إِنِّىٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ عَذَابَ يَوْمٍ أَلِيمٍ ﴿٢٦﴾
فَقَالَ ٱلْمَلَأُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَوْمِهِۦ مَا نَرَىٰكَ إِلَّا بَشَرًا مِّثْلَنَا
وَمَا نَرَىٰكَ ٱتَّبَعَكَ إِلَّا ٱلَّذِينَ هُمْ أَرَاذِلُنَا بَادِىَ ٱلرَّأْىِ ۖ
وَمَا نَرَىٰ لَكُمْ عَلَيْنَا مِن فَضْلٍ بَلْ نَظُنُّكُمْ كَٰذِبِينَ ﴿٢٧﴾
قَالَ يَٰقَوْمِ أَرَءَيْتُمْ إِن كُنتُ عَلَىٰ بَيِّنَةٍ مِّن رَّبِّى وَءَاتَىٰنِى رَحْمَةً مِّنْ
عِندِهِۦ فَعُمِّيَتْ عَلَيْكُمْ ۚ أَنُلْزِمُكُمُوهَا وَأَنتُمْ لَهَا كَٰرِهُونَ ﴿٢٨﴾
٢٢٤

**20. Гьал гIадамал дунялалъул рукъор ругеб мехалъги жидеца Аллагь гIажиз гьавурал гьечIо жидее гIазаб гьабиялдаса.** Гьел Аллагьас гIазаб гьабичIого тана жиндирго хIикматалдалъун. **Гьанже Аллагьас гIазаб гьабулеб мехалъ гьездаса гьеб нахъчIвазе кIолел вализабиги гьечIо гьезие. Гьезие гIазаб жегиги цIикIизабула: Аллагьас жидее кьураб жо ргIи гьез хIакъаб жо ргIиялъе хIалтIизабичIо, ва жидее кьураб жо бихьиги гьез Аллагьасул хIикматал ва далилал рихьиялъе хIалтIизабичIо.**

**2I. Гьел гIадамал руго дунялалда гьабураб гIамал гIадада хварал, гьезул напсалги ахираталъе чIорого хутIарал ва жидеца бицулеб букIараб гьересиги, гьабулеб букIараб ширкги гьездаса рикIкIалъарал.** Гьелъ жидее щибго мунпагIат гьабуларел.

**22. Щибго шаклъи гьечIого гьел гIадамал ахираталда чIорого хутIарал руго.**

**23. Жидеца Аллагьасда ва ахираталда иманги лъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал гIадамал, жидер киналго ишазулъ цохIо Аллагьасде руссунги рукIунел. Гьал гIадамал руго алжаназул бетIергьаби. Даимго рукIинелъун лъугьинарула муъминзаби алжаназда жанире.**

**24. Жидеца иман лъурал гIадамазул ва Аллагьасда инкар ккурал гIадамазулги мисал буго: жинда щибго жо бихьуларев ва щибго жо ргIуларев чиясулги, ва жинда бихьулев ва ргIулев чиясулги мисал. Гьал кIиялго гIадамал рашад ругишха мисал бачиналъул рахъалъан?** ГьечIо гьел кIиялго цоцада бащадал. **Гьаб мисалалъул ва цогидаб вагIза-насихIаталъул пикру гьабуларищ нужецца,** гьелдса гIакълоги щолорищ нужее?

**25. Дица НухI аварагги витIана жиндир къавмалда.** Гьел Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIад гьабиялда ахIизе. **НухI аварагас къавмалда абуна: «дун вуго Аллагьасул рахъалъан нужее баянаб ва хIакъаб хIинкъи кьолев чи.**


**26. Дица нужеда лъазабулебги буго нужеца цохIо Аллагьасе гурони гIибадат гьабуге абун. Дун хIинкъун вуго нуж Аллагьасде ширк гьабулелги рукIун нужеда цо къоялъ цIакъ унтизе гьабулеб гIазаб щвелилан» - абун.**

**27. НухI аварагасул къавмалъул Аллагьасда инкар ккурал церехъабаз абуна: «нижеда мун вихьулев вуго нижедаго релъарав инсанлъун. Дуда нахърилъльунги рихьулел гьечIо нижеда гьоркьоса бищунго гIодорегIанал гIадамал гурони. Гьелги щибго ургъичIого, пикру гьабичIого руго дуда нахърилъльун. Гьединлъидал нижедаса тIокIаб нужее бугеб хиралъи, тIокIлъиги бихьулеб гьечIо. Нижеда ракIалде кколеб буго нуж хIатта гьереси бицунел гIадамал ратилин» - абун.**

А-ттасгьил абураб тапсиралда абуна: капурал гIадамаз гьадин абиялъе гIилла буго, гьезда ракIалда кколеб букIин дунялалда гьез бечедал, чIухIарал гIадамал, ханзаби, хIакимзаби рикIкIунелъул къадро бугел, лъикIал, тIокIал чагIилъун. Аллагьасда аскIобги гьединаб бугин гIадамазе къимат кьей абун.

Ва амма Аллагьасда аскIоб щибго къадро гьечIо гьесие шукру гьабулареб магIишаталъул, гьесие сужда гьабуларел гIадамазулги.

**28.** НухI аварагас жиндир къавм иманалда ахIиялъулъ цIакъ сабро гьабулеб буго, ва хIеренго насихIат гьабун, абулеб буго: **Я дир къавм! Нужеца пикру гьабеха ва дида бице, дун Аллагьасул рахъалъан битIараб нухда вугони ва дунгун цадахъ хIакъал хIужабиги ругони, гьев Аллагьас жиндир рахъалъан рахIматлъун дие аваргълъиги кьун бугони, цинги гьаб кинабго жо нужеда бихьулеб гьечIони, дида кинха кIолеб хIал гьабун нужеда иман лъезабизе ва нуж дида нахърилъльинаризе, нужеда гьебги рихун бугеб хIалалъ?**




**29. Я дир къавм! Дица нужедаса боцIи-мал тIалаб гьабулеб гьечIогурищ нужехъе Аллагьасул рисалат щвезабуралъухъ. Дие ажро ва ужра кьолевги дир БетIергьан Аллагь вуго.** Ва дица цоги чиясдаса гьеб тIалаб гьабуларо. **Аллагьасда иман лъун дида нахърилъларал муъминзаби рикIкIад гьарулев чиги гьечIо дун.** Мискинал, загIипал руго абун гьел муъминзаби дица нахъчIваларо. **Гьел руго жидер БетIергьан Аллагьасда данделъизе ругел гIадамал.** Гьесда гIагар гьарун рукIунел, гьев жинда разилъулел. Гьадинал гIадамал кин дица рикIкIад гьарилел нужер хабаралда рекъон. **Дида нуж рихьулел руго хIакъикъияб жо лъаларел гIадамаллъун.** Нуж руго нужерго гIакълоялда нахърилълъун ругел.

**30. Я дир къавм! Нужеца пикро гьабе: щив чи вугев дие квербакъизе кIолев ва дидаса Аллагьасул гIазаб нахъчIвазе кIолев дица гьел муъминзаби рикIкIадги гьарун дида Аллагьасул цIим бахъараб мехалъ: гьаб жоялъул пикро кин нужеца гьабулареб ва** гьелъул вагIза щай нужей лъугьунареб?

**31. Дица нужеда абуларо дида аскIор ругин Аллагьасул хазинаби, яги дида балъгояб жо лъалинги абуларо. Дица абуларо дун малаик вуго абун. Гьединго дица абуларо гьел нужее цIакъ берзукълъун рихьун ругел муъминзаби Аллагьас жидее битIараб нух бихьизабичIел, лъикIаб гIамал гьабизе жидее тавпикъ гьабичIел гIадамал ругин абун. Аллагь жинда лъалев вуго гьел муъминзабазул рекIелъ бугеб иман. Дица гьел муъминзаби Аллагьас тIоритIарал гьечIо абуни дун вукIуна дица напсалъе зулму гьабурав,** гIадамазе хIакъаб гуреб сипат гьабун, гьезие зулму гьабуравги.

**32. НухI аварагасул къавмалъ абуна: «Я НухI, мун нижгун къацандана ва дуца гIемераб хабарги бицана.** Нижеда гьеб дур хабар чIалгIун буго. **Мун вачIа дуца нижее къотIи гьабулеб ва дуца ниж жиндаса хIинкъизарулеб гIазабги бачун, мун битIараб бицунев ватани, мун авараг вуго абураб рагIиялъулъ» – абун.**

**33. НухI аварагас абуна: «гьеб гIазабги бачун Аллагь вачIизе вуго нужеда, гьесие бокьани нужее гIазаб гьабизе.** Нужеца тIалаб гьабунин абун яги дица тIалаб гьабунин бачIунаро Аллагьасул гIазаб. **Цинги нуж Аллагьасдаса рорчIизе гьечIо, нужее гьабиялдаса Аллагь нахъчIвазеги кIоларо нужеда.**

**34. КигIанго дие бокьун бугониги нужее насихIат гьабизе ва нуж дида нахърилъине, нужее дир насихIаталъ щибго мунпагIат гьабуларо, Аллагьасе нуж къосиналдаго тезе бокьун бутани.** Жиндир азалияб лъаялдалъун нуж иман лъоларел рукIин лъан. **Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан ва гьесда буго ахираталда нужер руссинги.**

**35. Къурайшиязул капурал гIадамаз абулебищ бугеб гьаб НухI аварагасул къисса МуIхамадица ургъараб жо бугин абун? Дуца гьезда абе: «Гьеб дица ургъун бицунеб жо батани дие букIила гьелъул мунагь ва гIазаб.** Нужее гьелдалъун щибго къварилъи бикIине гьечIо. **Дунги вацIцIадав вуго нужеца гьабулеб купру-ширкалдаса»-абун.** Гьелъул гIазаб ва къварилъи нужеего букIине буго.

**36. НухI аварагасда Аллагьасул рахъалъан вахIю гьабуна дуда иман лъезе гьечIин, цебего жидеца иман лъурал дагьалго гIадамаз гурони. Дур ракI къварилъуге ва мун пашман гьавуге гьеб дур къавмалъ гьабулеб квешаб гIамалалъ.** Дида инкар кквей ва мун гьереси гьави. Дица гьезие жаза гьабизе буго гьезул гIамалалда релъълъараб.


**37. Дуца гама гьабе дир балагьиялда ва дир квербакъиялда гъокь вукIун, дица дуда вахIю гьабун лъазабураб хIалалъ. Купру-ширкалда чIун жидеца зулму гьабурал гIадамазул хIакъалъулъ дида хитIабги гьабуге.** Гьезие шапагIат гьаруге ва гьезда ракI гурхIун кIалъаге. **Дица гьезие гIазаб гьабизе буго ва гьел лъималдалъун гъанкъизаризе руго.**

**38. НухI авараг вукIана Аллагьас жинда вахIю гьабураб хIалалъ гама гьабулев. Гьесда аскIоре щун шинахъе гьев махсароде гьавулеллъун гьесул къавмалъул церехъабиги рукIана. НухI аварагас абуна: «жакъа нуж ниж махсароде гьарулеллъун ва нижеда тIад релъанхъулел ругониги, хадур ниж релъанхъизе руго нужеда тIад, жакъа нуж нижеда тIад релъанхъарал гIадин» - абун.**

**39. Нужеда нахъа лъазе буго лъидедай бачIуна абун жив гIодовегIан гьавулеб гIазаб ва абадиябго гIазабги лъидадай рештIунеб абун.**

**40. НухIил къав гьалаг гьабизе дир амру бачIараб мехалъ ва гьезул цIа бакулеб гьаситоялдаса къватIибе лъимги чIваххараб мехалъ.** ГIалимзабаца абуна: гьаб гъаситоялдаса къватIибе лъим бакки букIана НухI аварагасе гIаламат Аллагьас тIупаналдалъун гьеб къавм гьалаг гьабизе бай бихьиялъе - абун.

**Дица НухI аварагасда абуна: «дуца гьеб гамаялда тIад рекIинабе шибаб рухI чIаголъиялдаса цо бихьинаб цо цIуяб кIиго жо. Дур агьло-хъизанги рекIинабе гамида, жив капурав вукIин лъалев «КангIан» абулев васги гьесул «ВагIилат» абулей чIужуги рекIинаруге. Цогидал Аллагьасда иман лъун дуда нахърилъларал муъминзабиги рекIинаре гьеб гамида» - абун.** ГIемераб заманаялъ жинца гьеб къавм иман лъеялда ахIараб мехалъги **цIакъго дагьал гIадамаз гурони иман лъун букIинчIо НухI аварагасда.** ИчIнусиялда кIикъоялда анцIго соналъ НухI аварагас Аллагь цо гьавиялда ахIараб мехалъ иман лъурал гIадамазул къадар нусго чиясда бахун букIинчIо.




**4I. НухI аварагас абуна: «нуж гьаб гамида тIад рекIа Аллагьасул цIарги бахъун. Аллагьасул цIаралдалъун хьвадизе буго гьаб гама лъималда тIад ва гьесул цIаралдалъун чIезе буго жиб чIараб бакIалдаги»-абун. ХIакълъунго дир БетIергьан Аллагь жидеца мунагьазда ракI бухIун тавбо гьабуразул тавбо къабул гьабулев вуго ва муъминзабада жив гурхIулевги вуго.**

Цинги БетIергьан Аллагьас зодисан цIад чвахизабуна, нахъаса къотIиго гьечIеб хIалалъ, ракьалдаса гIорал лъаралги чIвахизаруна, кинабго ракьул гьумер лъималъ бахчун гама лъеда тIад босизегIан. Гамида тIад рекIарал гIадамал ва рухIчIаголъаби хутIизегIан цогидаб жоги лъималда жаниб ккун гъанкъана.

Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагь капурзабада гурхIулев вукIаравани гьеб къоялъ гьитIинаб лъимералъул эбелалда гурхIизе вукIана»*-абун. Гьеб лъимерги кодоб ккун лъималдаса лъутун, борхатаб бакI цIехон ёртанхъилей йикIана гьей. Ахирги гьей гъанкъизе лъугьиндал, кIиябго квер эхеде битIун лъимер бетIералда тIаде борхана.

Жиндир гурхIел, цIоб, рахIмоялъе гIорхъи гьечIев, жиндир сабро гучав вуго БетIергьан Аллагь. Киниги цо амру тIубазабизе хIукму гьабураб мехалъ, гьеб амруялъе щибго нахъбахъи ва хисизаби букIуларо.


**42. Цинги гьеб гама лъималда тIад хьвадулеб букIана ва гьеб лъималъул карачелалги мугIрул гIадин кIодолъун рихьулел рукIана. Цинги НухI авараг гамида рекIинчIого чIчIарав жиндир вас КангIанида ахIана: Я дир вас! Мунги рекIа нижгун цадахъ гьаб гамида.** Дуца Аллагьасда иман лъе. **Ва мун гьеб капураб къавмгун цадахъ чIоге» - абун.**

**43. КангIаница абуна: «дун магIарде тIаде вахине вуго ва гьеб мугIералъ цIунизе вуго дун гьеб лъималъ гъанкъиялдаса» - абун.**

**НухIица абуна: «жакъа гьаб Аллагьасул амруялдаса хвасарлъулев чи вукIине гьечIо, Аллагь жинда гIурхIун гьес хвасар гьавурав чи гурони» - абун. Цинги НухI аварагасдаги гьесул васасдаги гьоркьор лъималъул карачелал лъугьана ва гьев васги жал гъанкъарал гIадамалгун цадахъ хутIана.**

**44. Цинги БетIергьан Аллагьас ракьалда амру гьабуна дуца дур гьумералда тIад бугеб лъим дур чохьониб буссинабеян абун. Зобалдаги амру гьабуна цIцIад бачIого чIа абун. Ракьалдаса лъимги тIагIана ва Аллагьасул амруги тIубана. Гьеб гамаги Жуди абулеб мегIералда тIад чIчIана.** Жидеца зулму гьабун рукIарал гIадамаздаги абуна: **«нуж Аллагьасул рахIматалдаса рикIкIад гьарурал руго» - абун.**

**45.** Гьанжеги НухI аварагасда жиндир вас КангIан ракIалда щвана. **Ва гьев жиндир БетIергьанасда дугIа гьабун ахIана, ва жинцаги абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Гьев васги дир агьлуялдаса вуго. Дуца дие гьабураб къотIиги хIакъаб къотIи буго, ва Мунги цIакъ гIадло битIарав хIаким вуго» - абун.**




**46. Аллагьас гьесие жаваб гьабуна: «Я НухI гьев вас дур агьлуялдаса гьечIо.** Иман лъечIев чи муъминчиясул агьлуялдаса вукIуларо ва гьел ахираталда цо бакIалда руссунаро. Дица дуе къотIи гьабун букIана дур агьлуялъул иман лъурал гIадамал хвасар гьаризе. Гьеб дир къотIиги дица тIубазабуна. Гьев **васас гьабураб гIамалги квешаб гIамал буго.** Иман лъечIого чIейи цIакъ квешаб гIамал гьечIишха? **Дуца дида гьаруге дуда жиндир хIакъикъат лъалареб жо. Дица мун кантIизавулев вуго ва дуе насихIат гьабулеб буго мун цогидал жагьилал гIадамазда релъулъун вукIунгутIизе»-абун.**

Гьев КангIанил хIакъалъулъ тапсир гьабулел гIалимазабаца гIемер батIияб хабар бицун буго, гьесул квешаб гIамал щиб букIараб абураб бакIалда. Цоги магIна гьабуна: «гьев КангIан хвасар гьаве абун гьари буго лъикIаб гьечIеб гIамал» абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: ТIадегIанав Аллагьас гьев вас дур агьлуялдаса гьечIо»-абураб ргIиялъул магIна буго гьев мумъинчи гьечIо абураб. Цониги аварагасул чIужу зина гьабурай йикIинчIо. Цо-цо гIалимзабаз абураб ргIи, гьев КангIан НухIил вас вукIинчIо, гьев цоги чиясе гьавурав, НухIица хьихьарав вукIанаян абун, гьаб ргIи битIараб гьечIо.

**47. НухI аварагас абуна: «Я дир БетIергьан! Дица дудалъун цIуни гьарулеб буго дица дуда гьариялдаса дида жиндир хIакъикъат лъалареб жо. Дуца дир мунагьал чуричIони ва мун дидаги гурхIичIони дун вукIуна, БетIергьан, цIакъ ахираталъе чIорого хутIарал гIадамаздаса» - абун.**

**48. Аллагьасул рахъалъан НухI аварагасда амру гьабуна: мун ракьалда рештIа дир рахъалъан дуе божи ва сахлъи бугевлъун. Дуда ва мунгун цадахъ ругел муъминзабада дир баракатги букIун. Гьел муъминзабазул иман лъураб зурриятал дагги Аллагьасул салам ва баракат буго ахир къиямасеб къоялда щвезегIан. Дур умматаздаса цо къавм букIина дица жидее дунялалъул рукъоб боцIи-мал кьун хьихьун рукIунел, ахираталда жидеда жинца унтизе гьабулеб гIазабги щолел.** Гьел руго НухIил зурриятальул киналго капурал гIадамал.


**49. Гьал гъаибал** (ццебе заманаялъул) **харбал руго МухIаммад, дица дуда вахIю гьарун рицунел. Мунги ва дур къавмги вукIинчIо нужеда гьал хабарал лъалеллъун, дица нужее гьел баян гьарилелде ццерехун. Маккаялъул мушриказдаса дуде щолеб къварилъиялда дуца сабро гьабе ва исламияб диналда халкъ ахIе кинабго хIалалъулъ. ХIакълъунго жиб беццараб, лъикIаб ахир букIуна Аллагьасдаса хIинкъун, гьесие мутIигIлъун хьвадулел гIадамазул.**

**50. ГIадил къавмалдаги витIана дица авараглъун жидерго чи Гьуд. Гьев Гьуд аварагас абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагъалъи гьабе цохIо Аллагьасе. Нужее гьечIо гьев Аллагь гурев цоги жиндие гIибадат гьабизе бегьулев чи. Нужеца Аллагь гуресе гIибадат гьабун гьесде ширк гьабураб мехалъ нуж рукIуна гьереси чагIи.** Нужер гIибадатги гIададисеб букIуна.

**5I. Я дир къавм! Дица нужедаса ажро тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул рисалат щвезабиялда данде. Дие ажро ва кири буго жинца дун вижарав ва хьихьулев Аллагьасдаса. Гьеб жо нужеда кин бичIчIуларе6 ва нужеца иманги щай лъоларе6.**

**52. Я дир къавм! Аллагьасда нужедаса ккараб купру-ширкалъул мунагьал рахчи тIалаб гьабе, цинги нуж тавбо гьабун гьесие гIибадат гьабиялда русса ва цохIо Аллагьасе мутIигIлъун, гьесие тIагIат бацIад гьабун хьваде. Гьадин иманалда ва гIибадаталда нуж хьвадани Аллагьас нужее зодиса баракат бугеб цIад базе буго. Аллагьас цIикIкIинабизе буго нужер къуваталда тIад цогиги къуват. Нуж мугъ бан руссуге дица жинда ахIулеб Аллагьасул хIакъаб диналдасан ва нужерго купру-ширкалда рукIунге!» - абун.**

**53. Гьудил къавмалъ абуна: «Я Гьуд! Мун нижехъе вачIинчIо баянаб хIужаялдалъун мун авараг вукIиналда. Нижеца нижер алагьзабазе лагьлъи гьаби тезе гьечIо гьеб дуца бицараб жоялъе гIоло. Дуда иман лъун мун ритIухъги гьавиларо нижеца.**




**54. Нижеда ракIалда кколеб буго дуе зарал гьабун бугин нижер алагьзабаз. Гьудица абуна: «дица Аллагь нугIлъун чIезавулев вуго нужеда дица насихIат гьабиялъе ва Аллагьасул амруялда нахъвилъилъун нуж Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялда ахIиялъе. Дица нужги нугIлъи гьабизе ахIулел руго дица нужгун цадахъги лъугьун Аллагьасде ширк гьабичIо.**

**55. Дун вацIцIадав вуго гьеб ширк гьабиялдаса. Нужер хIал кIолеб батани киналго цадахъ лъугьун дие хIила гьабе дун гьалаг гьавизе ва гьеб иш нахъбахъун тоге.**

**56. Дица таваккал тIамун буго дир БетIергьан Аллагьасда (عز وجل), гьев вуго нужер БетIергьан.** Гьесда кодоб буго кинабго жоялъул ихтияр. **Ракьалда тIад цохIо рухIчIаголъи гьечIо гьев Аллагьас жиндие квегъараб букIун гурони. ХIакълъунго дир БетIергьан гIадилав хан вуго, жиндир хIукму битIаравги вуго.**

**57. Гьаб дир ахIиялдаса руссун, иман лъезе чIухIун нуж чIани, гьелъул дие щибго къварилъи гьечIо. Дица нужехъе щвезабуна Аллагьас дун босун витIараб рисалат. Аллагьас нужги гьалаг гьарун нужер бакIалда цоги къавм бижула. Нужеца ширк гьабун, Аллагь цо гьавичIого чIун гьесие щибго зарал гьабуларо.** Гьеб киналъулго зарал ва къварилъи нужеего букIине буго. **ХIакълъунго дир БетIергьан жинца кинабго жо цIунулев, гьелъул тадбир гьабулев вуго.**

**58. Гьеб Гьудил къавмалъе гIазаб гьабизе бугеб дир амру тIаде щвараб мехалъ дица Гьуд авараг ва гьесда цадахъ ругел муъминзаби хвасар гьаруна дир цIоб-рахIматалдалъун. Ва дица гьел хвасар гьаруна цIакъ гучаб, согIаб гIазабалдаса.**

Гьезие гIазаб гьабуна кутакаб гьуриялдалъун: гьезул минабиги риххизарулеб, ракьалда тIад щибго чIагояб жо толаре6. Гьел капурзабазул мегIер кIалалдаса жаниб лъугьун, нахъияб рахъалдса къватIибе бачIунеб букIана гьеб гьури. Гьедин гьалаг гьарун, кьолболъан рахъун гIодоре рехарал гъутIбузда релъун рукIана гьезул къаркъалаби.

**59. Гьал руго ГIадилал, жидеца Аллагьасда инкар ккурал, гьесул аварагзаби ва мугIжизатал гьереси гьарурал. Жалги нахърилъилъун рукIарал киналниги гIасиял, залимал, пасикъал церехъабазда.** ЦIакъ чIухIун, Аллагьасда данде чIун рукIарал, жидер купру ва хIал хъублъи гIорхъолъан ун рукIарал.


Гьал гIадамал Аллагьас цIакъ бигьаго гьалаг гьаруна: кьабулеб, бухIулеб, къотIулеб жого гьечIого цохIо гьуриги тIаде биччан гъотIол тIанхал гIадин эхедеги росун гIодоре реххана, тIокIал тIадеги рахъичIо. Жидер къуватаб къаркъалаялда божун рукIарал гьезие данде рагъ гьабизе рес гьечIеб, жидер

щибго хъатбай букIунареб гьорол гIазаб гьабуна. ЦIакъ кIудияб хIикмат буго гьаб пикру гьабурав чиясе.

**60. Гьаб дунялалдаго Аллагьасул лагIнат щвана гьезда:** Аллагьас жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьаруна. **Къиямасеб къоялъги буго гьезие лагIнат.** Абадияб жужахI буго. **Гьаб ГIадил къавм Аллагьасда инкар ккун чIана. Аллагьас жиндир рахIматалдаса цIакъ рикIкIадги гьаруна Гьудил къавмлъун ругел гIадамал.**

**6I. Самудияздаги витIана жидедаго гьоркьоса чи СвалихI авараг. Гьес абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагъалъи гьабе цIохIо Аллагьасе. Нужее цоги Аллагь гьечIо жиндие лагъалъи гьабизе бегьулев.** Ва жинца нужее лъикIлъиниги, квешлъиниги гьабулев. **Гьев Аллагь вуго жинца нуж рижарав ва гьаб ракьалда тIад гIумру гьабизе риччарав,** гьеб гIумру гьабиялъе киналго сабабалги рекъезарун. **Гьанжелъизегlан нужеца купро-ширк гьабиялдаса тIаса лъугьинги гьаре гьев Аллагьасда, цинги тавбо гьабун, Аллагь разилъи тIалаб гьабун хьваде. ХIакълъунго дир БетIергьан Аллагь жиндир гурхIел-рахIматалдалъун лагъзадерида гIагарда вуго, гьезул дугIаялъе жаваб кьолев, гьезул тавбо къабул гьабулев вуго» - абун.**

**62. Къавмалъ жаваб гьабуна: «Я СалихI! Дуца гьеб хабар бициналда цеве мун вукIана нижее мун вокьулев ва мун нижер сайидлъун (**кIудияв, хан**) вукIине нижее бокьарав чи.** Амма гьанже ниж гIажаиблъана дур хабаралдаса. **Дуца нижеда амруйищ гьабулеб нижер умумуз жидее гIибадат гьабурал хъанчазе нижеца лагъалъи гьабуге абун? Ниж цIакъ шакдаризарулел руго дур хабаралъ ва ниж божулел гьечIо дуца цохIо Аллагьасе лагъалъи гьабе абураб жо битIараб букIиналда» - абун.**




**63. СвалихIица абуна: «Я дир къавм! Нужеца пикро гьабе, цинги нужеца дида бице: гьаб дица бицунеб жоялъулъ дун ритIухъавги вукIаго гьелъие Аллагьасул рахъалъан хIужа-далилги букIун, Аллагьас дие кIудияб рахIматги кьун букIун, дун авараглъун гьавун, - гьаб кинабго иш гьадин букIаго дун БетIергьан Аллагьасда гIасилъани ва гьесул амруялда нахъ вилъалъинчIони, щивха вукIинев дие квербакъулев ва дидаса Аллагьасул гIазаб нахъчIвалев чи.** Нужеда тIадги рекъон нужеда цадахъ чIчIани, **дун цIакъ чIового хутIарав, дир кинабго гIамал гIадада хварав чи вукIуна.**

**64. Я дир къавм! Гьаб варани буго Аллагьас** нужее къурулъан къватIибе бахъизабураб **дун авараг вукIин ритIухъ гьабулеб мугIжизатлъун. Нужеца гьеб варани Аллагьасул ракьалда тIад жиндиего бокьараб бакIалда хьвадун, бокьараб бакIалдаса хер кванан эркенго те, гьелъие щибго заралги гьабуге. Гьаб амру нужеца хвезабуни нужеда гьаб дунялалдаго Аллагьасул гIазаб щвезе буго» - абун.**

**65. СалихIил къавмалъ гьаб амру хвезабуна ва варани хъуна. Цинги гьезда Аллагьасул рахъалъан абуна: «гьанже нужеца лъабго къоялъ мунпагIат босе гьаб дунялалъул чIаголъиядаса. Цинги нужее хIакълъизе буго Аллагьасул хIакъаб къотIи, ва гьаб гьересияб гуреб хабар буго» - абун.**

**66. Цинги дица къавм гьалаг гьабизе къотIи гьабураб гIуж тIаде щвараб мехалъ, дица СвалихI авараг ва гьесда цадахъ рукIарал муъминзаби Дир цIоб-рахIматалдалъун хвасар гьаруна гьеб къоялъул жинца инжит гьарулеб гIазабалдаса. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь вуго гуч бергьарав, жиндир тIадегIанлъи ва къадро кIудияв.**

**67. Гьеб къосараб, зулмуяб къавм цо гучаб гьаракьалъул гIазабалдалъун гьалаг гьаруна. Жидерго росабалъ ва рукъзабахъ гьелги лъуна хун гIодор ккараллъун.** Гьел ругеб бакIалдаго ракI бихъун хвана.

**68. Сон** (араб къоялъ) **жал чIагого рукIинчIел гIадин, сас-махI тIагIун, авалавги ахиравги тIагIана. Гьаб Самудиязул къавм Аллагьасда инкар ккураб букIана ва Аллагьас гьел жиндир рахIматалдаса рикIад гьаруна.**

**69.** Жинда свалат салам лъеяв **Ибрагьим аварагасухъе дир расулал рачIана гьесие рохалил хабарги босун ва гьез абуна: дуе салам буго,** ниж дуе заралалъе ругел гьечIо, дуе лъикIаб хабаргун рачIарал руго**. Ибрагьимицаги абуна нужееги буго салам абун. Цинги гьел расулазе хъулухъ гьабун хехго кьарияб бече хъун, гьелъул гьан бежун ццебе лъуна.**

**70. Цинги гьел расулаз гьаналда кверго бегьулеб бихьичIеб мехалъ ва гьезул тIабигIат-гIамалги цIакъго батIияб бихьидал, Ибарагьим аварагасул рекIелъ шаклъи ва хIинкъи рехана.** ГIарабиязул гIадат букIана тIад вачIарав гьоболас тIагIам кваначIеб мехалъ гьев цо квешлъиялъе вачIарав чи вугин хIисаб гьабулеб. **Гьел расулаз абуна: мун хIинкъуге: «Ниж руго Аллагьас ЛутIил къавмалъухъе ритIарал малаикзаби гьеб къавм гьалаг гьабизе»-абун.** Цо гIалимзабаз абуна: гьел Жабраил, Микаил, Исраил малаиказаби рукIана абун. Цогидаз абуна: гьезул анцIила цо чи вукIана цIакъ гьумер берцинал гIолохъабазул сипаталда абун.


**7I. Ибрагьим аварагасул чIужу Сарат йикIана** гьездаса рикIкIад гьечIого, гьезул хабар ргIулеб бакIалда, **гьезие хъулухъ гьабизе чIун, ва ЛутIил къавм гьалаг гьабизе буго абидалго гьей ёххана гьеб квешаб къавм тIасан ине бокьун ва жий разилъун хьимана (елъана). Дица гьелда рохел бицана гьел малаикзабазул мацIалдалъун дуе ИсхIакъ абун цIар лъезе вас гьавизе вуго абун, цинги гьев ИсхIакъ гьавун хадувги гьесие ЯгIкъуб абун цIар лъурав васги гьавизе вуго абун.**

==========

Анас асхIабасдаса (ра) хIадис бицана:

ТIадегIанав Аллагьасул ргIи бицунаго (хIадисул къудси бицунаго) аварагас ﷺ абуна:

***Жалла-жалалугьу Аллагьас абулеб буго: «Дир лагъ цо рокьобалъ диде гIагарлъараб мехалъ дун гьесдехун натIалъ гIагарлъула, гьев диде натIалъ гIагарлъараб мехалъ дун гьесдахун кIиябго гъеж доба-гьанибе щвакараб манзилалъ гIагарлъула (гъулачалъ). Гьев лагъ дидехун вилъгьун вачIунеб мехалъ дун гьесде данде векерун, хъетун уна»-абун.***


الجزء الثاني عشر — سورة هود
قَالَتْ يَٰوَيْلَتَىٰٓ ءَأَلِدُ وَأَنَا۠ عَجُوزٌ وَهَٰذَا بَعْلِى شَيْخًا ۖ إِنَّ هَٰذَا
لَشَىْءٌ عَجِيبٌ ﴿٧٢﴾ قَالُوٓا۟ أَتَعْجَبِينَ مِنْ أَمْرِ ٱللَّهِ ۖ رَحْمَتُ ٱللَّهِ
وَبَرَكَٰتُهُۥ عَلَيْكُمْ أَهْلَ ٱلْبَيْتِ ۚ إِنَّهُۥ حَمِيدٌ مَّجِيدٌ ﴿٧٣﴾ فَلَمَّا ذَهَبَ
عَنْ إِبْرَٰهِيمَ ٱلرَّوْعُ وَجَآءَتْهُ ٱلْبُشْرَىٰ يُجَٰدِلُنَا فِى قَوْمِ لُوطٍ ﴿٧٤﴾
إِنَّ إِبْرَٰهِيمَ لَحَلِيمٌ أَوَّٰهٌ مُّنِيبٌ ﴿٧٥﴾ يَٰٓإِبْرَٰهِيمُ أَعْرِضْ عَنْ هَٰذَآ ۖ إِنَّهُۥ
قَدْ جَآءَ أَمْرُ رَبِّكَ ۖ وَإِنَّهُمْ ءَاتِيهِمْ عَذَابٌ غَيْرُ مَرْدُودٍ ﴿٧٦﴾ وَلَمَّا
جَآءَتْ رُسُلُنَا لُوطًا سِىٓءَ بِهِمْ وَضَاقَ بِهِمْ ذَرْعًا وَقَالَ هَٰذَا
يَوْمٌ عَصِيبٌ ﴿٧٧﴾ وَجَآءَهُۥ قَوْمُهُۥ يُهْرَعُونَ إِلَيْهِ وَمِن قَبْلُ كَانُوا۟
يَعْمَلُونَ ٱلسَّيِّـَٔاتِ ۚ قَالَ يَٰقَوْمِ هَٰٓؤُلَآءِ بَنَاتِى هُنَّ أَطْهَرُ لَكُمْ ۖ
فَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ وَلَا تُخْزُونِ فِى ضَيْفِى ۖ أَلَيْسَ مِنكُمْ رَجُلٌ رَّشِيدٌ ﴿٧٨﴾
قَالُوا۟ لَقَدْ عَلِمْتَ مَا لَنَا فِى بَنَاتِكَ مِنْ حَقٍّ وَإِنَّكَ لَتَعْلَمُ مَا نُرِيدُ
﴿٧٩﴾ قَالَ لَوْ أَنَّ لِى بِكُمْ قُوَّةً أَوْ ءَاوِىٓ إِلَىٰ رُكْنٍ شَدِيدٍ ﴿٨٠﴾ قَالُوا۟
يَٰلُوطُ إِنَّا رُسُلُ رَبِّكَ لَن يَصِلُوٓا۟ إِلَيْكَ ۖ فَأَسْرِ بِأَهْلِكَ بِقِطْعٍ
مِّنَ ٱلَّيْلِ وَلَا يَلْتَفِتْ مِنكُمْ أَحَدٌ إِلَّا ٱمْرَأَتَكَ ۖ إِنَّهُۥ مُصِيبُهَا
مَآ أَصَابَهُمْ ۚ إِنَّ مَوْعِدَهُمُ ٱلصُّبْحُ ۚ أَلَيْسَ ٱلصُّبْحُ بِقَرِيبٍ ﴿٨١﴾
٢٣٠

**72. Гьей Сарат цIакъ гIажаиблъун, божичIого лъугьана ва гьелъ абуна: Вай дир гIажаиблъи ва хIайранлъи! Дица лъимер кин гьабилеб херлъун, кIодолъун йигей, цохIо лъимерги гьабичIей чIужуялъ, гьав дир росги цIакъго херав чи вуго. Гьаб жинда гIажаиблъи гьабизе ккараб иш бугоян - абун.** ГIадаталдаги данде кколеб гьечIо, гIакълуялда рекъараб гьечIо гьал гIадамаз бицунеб хабар абун гIажаиблъана Сарат. Жегиги гIажаибаб букIинаришха гьев вас гьави гурев гьесиеги вас гьавизе вукIин бицинги ва гьеб амру хIакъикъаталда ритIухълъун бихьиги.

**73. Малаикзабаз абуна: мун гIажаиблъулевищ вугев Аллагьасул амруялда?. Аллагьасул рахIмат ва баракат лъеги нужеда я Ибрагьим аварагасул агьлу! Гьев Аллагь вуго жив веццизе мустахIикъав, жиндир къимат, къадро кIудияв хан.**

**74. Ибрагьим аварагасдаса хIинкъи ун гьесул ракI парахалъидал,** гьесие вас гьавилин абун рохелги бициндал, **гьев лъугьана дир малаикзабада бахIс гьабизе (къацандизе) ЛутIил къавмалъул хIакъалъулъ.**

**75. ХIакълъунго Ибрагьим цIакъ хIалимав, гIадамазда гурхIун зигардулев ва Аллагьасда вуссун, гьесие тIагIат гьабияда тIад чIарав вуго**.

**76. Цинги гьев Ибрагьим аварагасда малаикзабаца абуна: «Я Ибрагьим! Дуца гьеб хабар бицунге ва мун зигардуге. Дур БетIергьанасул амру бачIун буго гьел гьалаг гьареян абун. Гьезда гьеб гIазаб бачIизе буго ва гьелъие нахъчIвайги гьечIо» -абун.**

**77. Дир расулал ЛутIихъе рачIараб мехалъ гьеб гьесда цIакъ квеш букIана, гьелдалъун гьесул ракIги къварилъана ва гьес абуна: гьаб къо бугоха дие цIакъ захматаб къо абун.**


**78. ЦIакъ хехго, гIедегIун ЛутIил къавмги щвана гьеб сагIатго тIаде. Цебеги гьеб къабихIаб пиша гьабулел, гьелда ругьунал гIадамал рукIана гьел. ЛутIица абуна: «Я дир къавм! Нужеца дир гьалбадерие гIакъуба кьоге,** гьездахун ливатI гьабун къабихIаб пиша гьабизе нуж гIагарлъуге! **Гьале дир ясал руго нужее нужеца шагьват тIубазе бокьун батани. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа, гьесул гIазаб нужеда щолеблъиги лъай. Гьал гьалбадерида цеве дунги инжит гьавуге. Нужеда гьоркьов цониги чиго гьечIишха жинда жо бичIулев, жив битIараб нухда тIовитIарав?** Нуж гьеб ишалдаса нахъчIвазе?

**79. Къавмалъ абуна: дуда лъала гуриш нижее гьел дур руччаби рокьун гьечIеблъи ва** нижер гьезда гъира бахъун гьечIеблъиги. **Жегиги дуда лъала гурищ нижее щиб жо бокьун бугеблъи ва щиб жоялъе гIоло ниж духъе рачIараблъиги** абун.

**80. ЛутI аварагас абуна: гьай аман Аллагь! дир цо къуват бугеб анищха нуж нахъчIвазе кIолеб, яги дир кьибил-тухум гIаги букIарабани гьезда мугъчIвазе ва гьелгун цадахъ нужеда данде чIезе абун.**

**8I. Гьалбадерица абуна: «Я ЛутI! Ниж руго дур БетIергьан Аллагьасул расулал, гьеб къавмалда кIоларо щибго дуе зарал ва къварилъи гьабизе.** Аллагьасул амруялдалъун гьел гьалаг гьаризе ритIарал руго ниж. **Мун дур агьлугун цадахъ гьаб росулъан къватIиве вахъа сардил цо гIуж нахъе хутIараб мехалъ. Нужер щивниги чи нахъехунги валагьуге ва хадув чиги чIчIоге, цо дур капурай чIужу гурони. Гьелдаги щвезе буго гьеб къавмалдаго щвараб гIазаб. Гьеб къавм гьалаг гьабизе Аллагьас къотIи гьабун буго рогьалил гIужалъ. Гьеб рогьалил гIужги гIагардаго гьечIищха.** Гьаб рагIи абуна ЛутI авараг къавмалда ццим бахъун, ракI бакъван вукIиндал, гьесул ракI хIалхьезе гIоло.

«Нужедаса шивниги чи нахъехун валагьуге» абиялъеги сабаб букIана гьеб къавмалда рештIараб гIазаб бихьани гьел ракI бихъун, тIул кьватIун хвезе гурин абун. ЛутIил чIужуялда цо батIияб сас рагIидалго гьей нахъехун юссана ва гьелъ ахIана: «Вай дир къавм» абун, цинги гьелда тIаде гамачI речIун бачIана ва жийги хун гIодое ккана.




**82. Гьеб къавм гьалаг гьаризе цIараб мех щведалго Аллагьас (عز وجل) Жабраил малаикасда амру гьабун, гьес гьеб росо эхедеги борхун кIала гъокье сверизабуна. Жегиги Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан щивав чиясда хасал гамчIалги речIана.** ХIаршги цIаги жубан буцун гьарурал, **къвакIарал ва рухIарал.**

**83. Щибалда тIад Аллагьас жиндие бокьараб гIуж гьабурал рукIана гьел гамчIал. Жиб жинда речIулев чиясул цIарги хъван букIана. Гьел ЛутIил къавмалъул росаби рукIараб бакI гIемер рикIкIад гьечIо гьал Маккаялъул капурал къурайшиял жидер сапаралда хьвадулел нухаздаса.** Гьеб гIаламат щай жидеда бихьулареб ва гьелъул пикру гьабун иман лъезе кин хехлъуларел?

**84. Мадян абулеб шагьаралъул гIадамаздаги витIана жидерго чи ШугIайб авараг. Гьев ШугIайбица жиндир къавмалда абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе жив цогояв, цоги гьечIев нужер БетIергьан Аллагьасе.** Нужее цоги щивго чи гьечIо алагьлъун вукIунев ва нужее заралниги хайирниги гьабулев. **Нужеца нукъсан гьабуге цIадиро бугониги, къали бугониги жиндалъун боцулеб, цIалеб жо. Дида нуж рихьулел руго Аллагьас нужее нигIматал кьураллъун, нужее щибго къварилъиги гьечIо. Гьеб чияр боцIи нужеца кванани нужеда Аллагьасул гIазаб щвеялда хIинкъун вуго дун» - абун.**

Дунялалдаго щвезеги бегьила гьеб гIазаб, амма ахираталда гIазаб щвей хIакъаб буго. Гьеб ахират бугелъул щивниги чи Аллагьасул хIисаб-мизаналдаса ворчIуларе къо. Мадян абулеб шагьар ва гьаб ракь буго ХIижаз гIарабиязул ва Шамалъул гьоркьоб бакIалда. Гьел гIадамазда цоги абула «асхIабул айкати» абун. Рохьил гIадамал абун: жидер ракьалда рохь букIин сабаблъун.

Мадяналъул къавм мушгьурлъун букIана цIадиро-къали нукъсан гьабиялдалъун. Гьедин бугелъул ТIадегIанав Аллагьас ШугIайбил мацIалдалъун цоги нухалъ абулеб буго:

**85. Я дир къавм! Нужеца тIубазабе боцулеб ва цIалеб жо.** БитIун боцун, камил гьабун цIан. **Нужеца гIадамазул хIакъалги нукъсан гьаруге,** хIилла гьабун гьезие кьолеб жо камизабуге. **Ва нуж гьаб ракьалда тIад кIудиял пасалъаби гьарулеллъун рукIунге.**


**86. Аллагьас нужее хIалалаблъун кьураб, нужее нахъе хутIулеб жо лъикI буго нужеца данде бакIарулеб хIарамаб жоялдаса. Нуж иман лъурал, Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъулел гIадамал ратани гьаб хабар бичIа нужеда. Дун гьечIо нужер гIамалал цIунулев чилъун, дица гьабизе гьечIо нужее жазаги.**

**87. Гьеб къавмалъ абуна: «Я ШугIайб, дур как-диналъищ дуда амру гьабулеб бугеб нижеца умумуз жидее лагълъи гьабурал алагьзаби тун цо Аллагьасе лагълъи гьабе абун нижеда абизе. Яги нижерго боцIи-малалъе нижее бокьарб жо гьабизе тоге абун абизе. Мун ватизе кколаха цIакъ нижедаги гурхIарав гIакълоги камилав чи, нижее щиб жо лъикIаб бугеб ва щиб жо квешаб бугеб дуда лъалев»- абун.**

**88. ШугIайбица хадубги абуна: «Я дир къавм! Нуж ургъун рихье ва нужеца дида бице: Аллагьасул рахъалъан хIакъаб дингун дун вачIун вугеб мехалъ ва гьес дие берцинаб, хIалалаб ризкъиги насиб гьабун бугеб мехалъ,-. дица бегьилищ нужеца квешаб жо теян абичIого букIине ва нужеца хъанчие лагълъи гьабугеян абичIого тезеги.** Аварагзаби ритIиялъул хIикматго жиндир къавм лъикIаб жоялда ахIи ва гьезда жидее маслихIатаб жо малъи бугелъул.

**Дица нужеда гьабеян амру гьабулеб жо дицагоги гьабулеб бугелъул, дун гьелдаги хилиплъулев гьечIо.** Гьаб ргIи буго цогидазда амру-нагью гьабулев чи живго витIун хьвадулев вукIине ккеялда тIоритIел гьабулеб: инсанасул гIадат буго жинда бицунеб, малъулеб жоялдасаги хехго жинца чияс гьабулеб пиша хал гьаби ва гьелда нахъвилъльине гIамал гьаби.

**Дие бокьарб жо гьечIо хIал кIвараб хIалалъ лъикIлъи гьаби гурони, гьелдалъун нужееги лъикIлъи лъугьине бокьун буго. Дица гьабулеб гIамалалъулъ дие тавпикъ, квербакъиги гьечIо цохIо Аллагьасдаса гурони. Гьев Аллагьасда буго дица таваккал тIамун. Ва дугIа гьабун, тавбо гьабун, гьесда буго дир вуссинги.**




**89. Я дир къавм! Нуж дида данде чIун, дица малъараб жо босичIого хьвадараб мехалъ нуж Аллагьасда гIассилъарал, гьесда иман лъей тараллъун рукIуна, цинги нужеда щвезе бегьула НухIил къавмалда, Гьудил къавмалда, СвалихIил къавмалда щвараб Аллагьасул ццим бахъин ва гьалаг гьари. Гьев ЛутIил къавмалъул ватIанги, гьезул росаби рукIараб бакIги нужедаса гIемер рикIкIадги гьечIо.** Гьелъул пикру кин гьабулареб ва гьелдаса вагIза-насихIат щай босулареб?.

**90. Нужеца Аллагьасдаса тIалаб гьабе ццебехун гьабураб квешаб гIамалалъул, купру-ширкалъул мунагьал чури, гьездаса тIаса лъугьин ва нуж тавбо гьабун Аллагьасдаги русса. ХIакъалъунго дир БетIергьан Аллагь муъминзабада гурхIулев, жиндие гьел рокьулев вуго.** Гьезул тавбо къабул гьабулев, гьезул мунагьал тIаса лъугьун толев вуго.

**9I. ШугIайбил къавмалъ абуна: «Я ШугIайб гьеб дуца бицунеб жоялъул гIемерисеб нижеда бичIчIулеб гьечIо.** Мун гьваридаб, пасихIаб мацI бицуневилан вукIаниги, дуца щибго нижее мунпагIат гьечIеб жо бицунеб буго.

Гьав ШугIайбида цIар буго аварагзабазул хатIиб абун (хутIба гьабулев, пасихIав чи) гьедин бугониги гьесул къавмалъ, жидее бокьулареб жо бицараб мехалъ, гьев магIна бичIчIулареб, гIадалаб жо бицунев чи вуго мун абун гIодовегIан гьавуна.

**Нижеда мун вихьулев вуго нижеда гьоркьов къуват-къадро дагьавлъунги. Дур жамагIат ва тухум-кьибил букIинчIебани нижеца мун чIимих речIчIун чIвазе вукIана. Мун нижедаса тIокIав, хирияв гьечIо. Нижеца дур хIурмат-къимат гьабулевги гьечIо» - абун.**

**92. ШугIайб аварагас абуна: нужее Аллагьасдасаги цереселищха ругел дир гIагарал чагIи ва дир жамагIат? Нужеца гьев Аллагь мугъалда нахъ рехун тун вуго, нуж гьесдаса хIинкъулелги гьечIо. ХIакълъунго дир БетIергьан Аллагь нужеца гьабулеб гIамалалда сверун лъугьарав вуго.**


**93. Я дир къавм! Гьанже нуж нужерго гIамал гьабулел рукIаха. Дицаги гьабизе буго дир гIамал. Нахъа бихьизе буго ва лъазе буго лъида рештIилеб жив гIодовегIан гьавулеб гIазаб, ва щив вугев нилълъедаса жинца гьереси бицулев чи. Нуж хъаравуллъи ккун рукIа нужеда щиб гIазабдай бачIина ва щиб къодай бихьилаян абун. Дунги хъаравуллъи ккурав вуго нужгун цадахъ.**

**94. Гьеб къавм гьалаг гьабизе бугеб дир хIукму тIаде щвараб мехалъ дир рахIматалдадъун дица хвасар гьаруна ШугIайб авараб ва гьевгун цадахъ иман лъун рукIарал муъминзабиги. Капураб ва зулмуяб къавм ккуна гучаб гьаракьлъун бугеб гIазабалъ ва гьелги хун гIодоре ккана, жидер росабалъ ва рукъзабахъ.**

**95. Жал чIагого рукIинчIеб гIадин щивго чи нахъе хIутIичIого тIагIана гьеб къавм. Гьадин Аллагьасул цIоб рахIматалдаса рикIад гьари тIад щвана мадяналъул агьлуялда, Самудиялги рикIкIад гьарурал гIадин, в**а цогидал цересел капурал къавмалги рикIкIад гьарураб гIадин гьеб Аллагьасул рахIматалдаса. ШугIайб аварагасул къавм гьалаг гьабиялъул бицен буго цогиги суратазда жаниб, гьел биценал данде рачараб мехалъ гьеб къавмалъе зодисан цIакъ гучаб гьаракь рагIун буго. гьеб гьаракьалъ хIинкъун эхеде бер борхилелде лахI чIегIерлъун, бецIлъун зобалги ун кутакаб ракь багъари лъугьун буго. гьаб балагьалдалъун цохIо лахIзаталда жанир, гьел ругеб бакIалдаго ракIал кьвагьун, тIул бихъун гьелги хун руго.

**96. Дица Муса (гIв) аварагги витIана дир мугIжизаталгун ва баянаб хIужагун.**

**97. ПиргIавнида ва гьесул къавмалъул церехъабаздаги витIана Муса авараг. Ва амма гьеб жагьилаб, ахIмакъаб къавм пиргIавнида нахърилълъана. Гьесул нухги, гьес гьабулеб гIамалги мекъаб, къосараб буго.**




**98. Дунялалда жиндир къавмалда цеве лъугьун гьел къосизарулев вукIарав гIадин, ахираталдаги жиндир къавмалда цеве жужахIалъул цIадаве уна пиргIавн ва жинца хадуб къавмги бачуна. ЦIакъ квешаб бакI бугоха гьеб жужахI жинда жанир лъугьине ва гьенир даимлъизе.**

**99. Гьаб дунялалъул рукъорги рукIана гьев пиргIавнги гьесул къавмги Аллагьасул лагIнат жидеда щварал, къиямасеб къоялъ гьебго лагIнат буго гьезие. ЦIакъ квешаб жо бугоха гьеб лагIнат инсанасе щвезе ва гьесда нахъ регIизе.**

**I00. Гьал цере рицарал къиссаби руго МухIаммад, жал гьалаг гьарурал къавмазул Аллагьас дуда вахIю гьабун рицунел, Гьел умматазул росаби ва шагьарал цоял жегиги ракьалда руго** цоги къавмаз жал гIуцIун, гьез ирсалъе росун, **цо-цо росаби ва шагьарал ракьалда асарго хутIичIого тIагIунги руго,** гьезул къавмги тIагIараб гIадин.

**I0I. Дица гьел къавмазе зулму гьабичIо, гьел жалго рукIана жидеца напсазе зулму гьабурал. Аллагьасул гIазаб гьезда рештIараб мехалъ гьезие щибго кумек гьабичIо жидер алагьзабаца, жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагьги тун жидеца гьезие лагълъи гьабурал ва гьез шапагIат гьабиялда божун рукIарал.**

**I02. Гьадинаб буго Аллагьасул гIазаб гьаби цо къавмалъе гIазаб гьабизе ккараб мехалъ. Гьев Аллагьасул гIазаб гьабиги буго цIакъ жинца унтизабулеб, жиб гучаб ва кьвararab.**

**I03. Гьал цере рицарал къиссабазулъ тIоритIел буго ва вагIза-насихIат буго Аллагьасда иманги лъурал ахираталъул гIазабалдасаги хIинкъулел гIадамазе. Гьеб ахиратги жиндилъ кинабго халкъ данде гьабулеб, жиндилъ гьабулеб хIисаб-мизан ва жаза кинабго гIаламалда бихьулеб, жибги кинабго халкъалда бихьизе бугеб, гьелдаса рорчIизе бакI гьечIеб къо буго.**

**I04. Дица гьеб къиямасеб къо бачIин нахъе бахъун гьечIо жиндие цIараб, къадар гьабураб заман щвезегIан гурони.**

**I05. Гьеб къо бачIараб мехалъ цониги напсалда кIалъазе кIоларо Аллагьасул изну букIун гурони. Гьеб къоялъ гIадамазул кIиго тайпа букIине буго: бахьибугел алжаналда унел рукIина, бахьикъосарал жужахIалда унелги рукIина.**


**I06. Бахьикъосарал гIадамал абуни даимго жужахIалда жанир рукIине руго. Жидер хIухьел цIайги квешаб гьаракь бугеб букIина хIамил гьагIиялда релъараб.**

**I07. Гьеб гIазабалъулъ рукIуна зобал-ракьал гIадин даимго.** Ай абадиялъго гьенир рукIина гьел. ТIадегIанав Аллагьас гьаб рагIи абуна гIадамазда бичIулеб мацIалда: инсанасда лъалеб жо бугелъул зобал-ракьал жив вижилалдего рукIараблъи ва жив хун хадубги нахъе хутIулеблъи. Гурони (гьедин гьечIебани) ахираталъул зобал ракьал ругони гьелги абадиялъго рукIинесел руго.

**Аллагьасе бокьараб цо къокъа букIинаро гьеб жужахIалда абадиялъго.** Гьел руго жидеца Аллагь цо гьавулел рукIарал, кинниги кIудиял мунагьал гьарурал гIадамал, Аллагьасе бокьарабгIан заманги бан гьел жужахIалдаса къватIире рахъизарула. Гьезие щола Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул шапагIат ва гьезда абула: «гьанже нуж рацIцIалъана (лъикIлъана), нуж алжаналда лъугьа, даимго гьенир рукIинелъун»-абун. **ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь жиндие бокьараб жо жинца гьабулев вуго.** Гьесда жо малъулев чи гьечIо, гьесул амру нахъчIвалев чиги гьечIо.

**I08.** Аллагьасда иман лъун, гьесул аварагасда нахърилълъун **жидер бахьибуголъарал гIадамал, гьал гIадамал алжаналда жанир рукIула зобал-ракьал даимлъарабгIан мехалъ.** ХIисаб-мизан

лъугьарабго алжаналда лъугьинарула гьел. **Цо къокъа хутIизегIан, Аллагьас жидер мунагьал сабаблъун алжаналда лъугьиналдаса нахърахъун тарал. Нахъаса къотIи гьечIеб,** жиндие нукъсанлъи гьечIеб ва жиб тIаса унареб **жазалъун букIула Аллагьасул рахъалъан гьаб алжанлъул нигIматал.**




**I09. Гьал мушрикаца хъанчазе лагъълъи гьаби батIулаб жо букIиналда мун шаклъуге МухIаммад; гьез гьабулеб гIибадат гьечIо, жидерго умумуз гьабулеб букIараб хъанчие лагъълъи гьаби гуреб. Дица гьезие гьабизе хIакълъараб жаза гьабизе буго шибго мукъсан гьабичIого.**

**II0. Дица Муса аврагасухъе Таврат кьуна, амма Мусал къавм Тавраталда гIамал гьабиялъулъ хилиплъана. Аллагьасул азалияб хIукму букIинчIебани хIисаб-мизан гьабиги жаза гьабиги нахъбахъун тезеян гьабураб, гьеб Мусал къавмалъе жидер гIамалалда рекъараб хIукму гьабизе букIана. Гьаб Маккаялъул агьлуги Къуръаналда иман лъоларого, гьелда шакдарун, гьабизе жо лъаларого хутIун руго.**

**III. Муъминзабазул ва капурзабазул кIиябго къокъа буго жидер гIамалазе жаза гьабичIого тун ругел ва ахираталда щибго шаклъи гьечIого ва щибго жо гъокье течIого гьезул гIамалазе жаза гьабизе буго. ХIакълъунго Аллагь жинда лъалев вуго лагъзадерица гьабулеб гIамал.**

**II2. Мун Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ витIун чIа МухIаммад ва дуда Аллагьас амру гьабураб хIалалъ гьесул диналда халкъ ахIе.** Купру-ширк тун тавбо гьабун дуда нахърилълъарал муъминзабиги **чIа жидеца гьабулеб гIибадаталъулъ битIараб нухда ва хIакъаб исламияб диналда. Нужеца Аллагьасул хIукмаби хвезаруге,** гьабизе тIадаб, паризияб жо гъокьги тоге, гьабизе хIалкIолареб жо гьабизеянги лъугьунге. **Гьесул шаргIиял гIорхъаби цIуне ва хIарамаб жо гьабуге. ХIакълъунго Аллагь нужеца гьабулеб гIамал жинда бихьулев вуго.**

**II3. Нужеца рокьа-хинлъи гьабуге Аллагьасул тушбабаздахун:** залимал ва капурал хIакимзабада бугониги, гьезул чукъбилъун ругел мунапикъазда бугониги. Гьезда щибго мугьчIвайги гьабуге, божилъиги гьабуге. **Гьединаб гьудуллъи ва божилъи нужеца гьабуни, нужги жужахIалъул цIадаре ккезе руго. Ва гьелдаса нуж хвасар гьарулев щивго чиги вукIине гьечIо.**

Жив цогояв Аллагь тун нужеца гьудулзабилъун ккурал, вализабилъун ккурал ханзабаз, хIакимзабаз, хъанчаз ва аллагьзабаца нужее кумек гьабизе гьечIо. **Нуж кидаго нужер тушманасдасаги бергьине гьечIо, гьездехун нужер дагьабниги гьудуллъи бугони.**

КъуртIубияс абуна: гьаб аяталда жаниб тIоритIел буго ва амруги буго гIасияб, пасикъаб агьлу рикIкIад гьабизе ккеялда, купру-ширкалъул агьлу рихизе ккеялдаги. Гьеб квешаб агьлуялъулгун гьудуллъи ва гьалмагъллъи гьаби купру буго: гьеб гьудуллъи букIунаро рокьа-хинлъи гьечIони, купру бокьиги купру буго.

**II4. Дуца какалги рай МухIаммад, хIукъукъал тIубан ва арканал - шурутIал камил гьарун, радал-бакъанида ва сардил гIужазулъги. ХIакълъунго инсанас гьарурал лъикIал гIамалаз,** къойил щуго как бай, рамазан моцIалъ кIал кквей ва цогидалги гIамалаз. **Гьев инсанасул гIисинал мунагьал чурула.** Гьаб дуда гьабураб амру **вагIза-насихIт ва тIоритIелги буго хIакъаб жо лъазе бокьарал гIадамазе.**

**II5. Дуца саброги гьабе МухIаммад, хIакълунго Аллагьас лъикIаб гIамал гьабурал муъминзабазул ажро мукъсан гьабуларо, гьезул гIамалги гIадада хвезабуларо.**

**II6. Нужедаса цере рукIарал умматазда гьоркьор рукIаралани жидер гIакълоги бугел, гIилмуги бугел, Аллагьас хира гьарурал, жидеца ракьалда пасалъи гьабиялдаса нахъчIвалел**

**гIадамал; - дица хвасар гьарурал, дагьалго гIадамал хутIизегIан**. Гьел рукIана аварагзаби ва гьезда нахърилълъарал муъминзаби**. Жидеца напсазе купру-ширкалдалъун зулму гьабурал гIадамал нахърилълъана дунялалъул боцIи-мал бокьиялда,** чорхое бокьараб жо гьабун гьава напсалъул ва шайтIаналъул мурад тIубаялда. **Ва гьел гIадамал рукIана жал мунагьазда ва гIасилъаби гьариялда тIадчIарал.**

**II7. Дур БетIергьан Аллагьасул гIадат гьечIо МухIаммад, жинца росабазул ва шагьаразул агьло гьалаг гьабулеб, гьел гIадамал лъикIалги рукIун.** Аллагьас зулму гьабуларо ва жал гьалаг гьарулел гIадамал рукIуна капураб, зулму ва пасалъи гьабулеб къавм.




**II8. ТIадегIанав Аллагьасе бокьарабани гьес киналго гIадамал гьарилаан цохIо иман лъураб умматлъун. Гьадин бугелъул гьел гIадамал кидаго хилиплъун рукIуна ва цоял иман лъурал цоял капурал рукIуна.**

**II9. Дур Аллагь жидеда гурхIарал муъминзаби руго битIараб диналда чIарал, жал хилиплъуларел гIадамал. Аллагьас гIадамал рижун, гьаб дунялалда хьвадизе жал теялъул хIикматги гьеб буго. Дур БетIергьанас гьабун тIубан бугеб хIукму-къадар буго жинца жужахI цIезабилин абун киналниги гIадамазул ва жундузул капурзаби жанир рехун.**

**I20. Дица дуда рицарал гьал киналго къиссаби руго МухIаммад, ццересел аварагзабазул ва гьезул умматазул къиссаби. Гьел рицун дур ракI парахат гьабизе. Гьал къиссабазда жаниб бугеб жоги хIакъаб хабар буго, жинда жаниб батIулаб ва гьересияб жо гьечIеб. Гьезда жаниб дур умматалъе вагIзаги буго муъминзабазе пикру гьабизе ва гIибрат босизе насихIатги буго.**

**I2I. Жидеца иманги лъоларел дуда нахъги рилълъунарел мушриказда дуца абе МухIаммад: «нужеца гIамал гьабеха нужерго нухда чIчIун. Нижги нижер исламияб диналда чIчIун, Аллагьасул амруялда нахърилълъун гIамал гьабулел руго.**

**I22. Нужги балагьун чIа щиб къодай нужеда бихьула абун ва нижги балагьарал руго гьеб гIазаб кидадай нужеда щвела»-абун.**

**I23. ТIадегIанав Аллагьасе буго зобал-ракъада жаниб бугеб балъгояб ва гъаибаб жоялъул лъай ва ихтияр.** (Гъаибаб жо абула ццебе араб яги нахъе бачIунеб жоялда: жиб рикIкIадаб, жиб лъалареб). **Кинабго жоялъул амру ва хIукму Аллагьасде буссунеб буго. Нужеца лагълъи гьабе гьев Аллагьасе ва нуж гьесдаса хIинкъа. Нужеца таваккалги тIаме жив цогояв Аллагьасда. Ва дур БетIергьан Аллагь гьечIо МухIаммад, нужеца гьабулеб гIамал жинда лъаларев, гьелдаса жив гъапулав.**

**I2. Сурату Юсуп**

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIила цо аят бугеб.


**I. Алиф Лам Ра, гьал хIурупазул магIна ва гьездалъун бугеб мурад ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъала.** Жидедаса Къуръан данде гьабурал хIарпаздаса руго гьел. Гьеб Къуръан жинца инсан гIажиз гьавулеб, жинда релъараб жо лъидаго гьабизе кIвечIеб букIиналда ишараги буго. **Гьал дуда рещтIинарурал аятал руго, МухIаммад, жинца гIажиз гьарулеб, жиндир магIна гъваридаб, мацI пасихIаб Къуръаналъул аятал.**

**2.Дица гьаб Къуръан рещтIинабуна гIараб мацIалда цIалулеб тIехьлъун, нужеда бичIчIине гьаб калам инсанас данде гьабураб жо гьечIеблъи.**

**3. Дица дуда бицина, МухIаммад ﷺ, къиссабазул бищунго берцинаб къисса, дуда гьаб Къуръанги вахIю гьабун бугелъул. Гьалде ццеве мунги вукIана, МухIаммад ﷺ, дуда гьабги, цогидал аварагзабазул къиссабиги лъаларевлъун,** гьезул пикру гьабуларев ва гьезда хIажат гьечIев**.**

**4. Дуца дур асхIабзабазе (ра) бице, МухIаммад ﷺ, Юсуп аварагасул къисса. Юсупица (гIв) жиндир эмен ЯгIкъубида (гIв) абураб гIуж бице: «Я дир эмен!** Дида гIажаибаб макьу бихьана**. Дида бихьана анциIла цо гвангъараб, канчIаб цIваялъ дида цебе сужда гьабулеблъун. Гьединго бакъги моцIги бихьана дие сужда гьабулеблъун» - абун.**

ИбнугIаббасица (ра) абуна: «Аварагзабазул макьу Аллагьасул вахIюялдалъун букIуна» - абун. Гьаб макьу бихьулеб мехалъ Юсупил анцIила кIиго сон букIана. Гьев жеги авараг вукIинчIелъул, гьесул макьуялда карамат абула. АнцIила цо цIваялъе магIна гьабуна Юсупил анцIила цо вац вуго абун. Бакъги моцIги Юсупил эбел-эмен руго абуна. Юсуп аварагасда гьеб макьу бихьаралдаса хадуб гьевги, гьесул вацал ва эбел-эмен Мисриялда данделъизегIан гьоркьоб ана кIикъого сон. Ай кIикъого соналдаса хадуб тIубана Юсупида бихьараб макьу.




**5. Инсуца Юсупида (гIв) абуна: «Я дир вас, дуца гьеб макьу дур вацазда бицунге. Гьез дуе цо макру гьабизе бегьула ва мун гьалаг гьавизе хIилла ургъизеги бегьула. ХIакълъунго щайтIан инсанасул загьираб, хIакъаб тущман буго.**

Хадубги Юсупида ЯгIкъубица абуна:

**6. Дуда гьаб макьу бихьараб гIадин Аллагьас мун тIаса вищизе вуго авараглъи кьеялъе, гьединго Аллагьас дуда лъазабизе буго макьуялъул магIна бичIчIулеб гIелму.** Цоги магIна гьабуна**: Аллагьас дуда лъазабила ццересел умматазул къиссаби, гьезул тIахьазда хъвараб гIелму ва хIакъаб жо босизе кIолеб гIакълуги кьела, Аллагь (عز وجل) цо вукIиналъе далил бачун гIадамал мукIур гьарулеб хIужжаги кьела. Аллагьас жиндир нигIмат тIубазабизе буго дуеги ва дур эмен ЯгIкъубил лъимал-хъизамазеги, гьезул наслуялъеги. Аллагьас гьеб нигIмат тIубазабураб гIадин дур ццересел умумузе Ибрагьимие ва ИсхIакъие.** ТIадегIанав Аллагьас нилъгьер умумул гьаруна аварагзабилъун, халкъ диналде ахIулел расулаллъун. Гьеб цIакъ кIудияб нигIмат буго Аллагьас жиндие рокьаразе ва жинца тIаса рищаразе гурони жиб кьолареб. Гьединго Аллагьас мун ва дур хадусел лъималги гьаризе руго аварагзабилъун.

**ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь жинда лъалев вуго авараглъи лъихъе кьелеблъи ва жиндир халкъалъул тадбир гьабиялъулъ цIакъ гIадлу битIарав хIакимги вуго.** Аллагьасул гIелму лъай жиндие щибго гIорхъи гьечIеб буго, Аллагьасул гIамал-пишаги жинда жаниб маслахIат ва хIикмат бугеб буго. Жиндир лагъзадерил щивав чи щиб ишалъе бегьулевлъи лъан гьабула Аллагьас гьеб халкъалъул тадбир.

**7. Гьав Юсупил ва гьесул вацазул къиссаялъулъ гIемер мунпагIат буго ва вагIза-насихIат, гIакъло буго гьезул хабар лъазе бокьун, гьелдаса бицен гьабулел ва гьелда гIенеккулел гIадамазе.**

**8. Юсупил вацаз абуна: «Валлагьи, гьав Юсупги (гIв) гьасул эбел цадахъав вац Буняминги гIемер вокьулев вуго нилъгьер эмен ЯгIкъубие. Нилъгь руго гьездаса кIудиял, чорхол къуватги бугел, бокьараб жо гьабизеги кIолел ва инсуе мунпагIат бугел гIолохъабазул жамагIат».** АнцIго вац вукIана гьел эбел-эмен цадахъал. Юсупил ва Буняминил эбел батIияй йикIана ва гьав кIиявго бищунго гьитIиналги рукIана. **Валлагьи, нилъгьер эмен цIакъ мекъи ккарав вуго Юсупги Буняминги гIемер рокьиялдалъун»- абун.**

**9. Нужеца гьав Юсуп чIвай, яги гьев цо рикIкIадаб ракьалде щвезаве. Цинги эмен нужеде вуссине вуго ва гьесие нуж рокьизе руго, гьелдаса хадур нужги лъикIаб къавмлъун рукIина.**


**I0. Гьел вацаздаса цо вацас абуна: Нужеца Юсуп чIваге. Нуж гьев Юсуп (гIв) инсудаса ватIа гьавизе ургъун ратани, ва гьеб иш гьабичIого телариланги ратани, нужеца гьев реххе цо гъваридаб гъуялда жанив, ва гьенив гьевги тун нахъ русса. Сапаралъ унел гIадамал тIаде ккун, гьез Юсуп гъуялъуса къватIив вахъун жалгун цадахъ рикIкIадаб ракьалда вачина ва нужер мурадги тIубала» - абун.**

**II.** Гьаб цебехун рехсараб жоялдаги ургъун, ЯгIкъуб аварагасул васал гьесда ццере рачIана ва гьез абуна: **Я нижер эмен! Мун щай божуларев Юсуп нижгун цадахъ вукIиналда, нижеца гьесул тIалаб гьабила ва гьесда щибго зарал бугеб жо щвезе теларо.**

**I2. Дуца гьев витIе метер нижгун цадахъ хIалхьи гьабизе ва чан гьабун, чуял рекеризарун, рекIел гъей гьабулеб мехалъ нижеда цадахъ вукIине. БичасхIаги, нижеца гьев цIунизе вуго ва сах-саламат рокъовги вачине вуго» - абун.**

**I3. ЯгIкъубица (гIв) абуна: «Валлагьи, дие бокьун гьечIо Юсупидаса ватIалъизе ва гьевги вачун нуж инее, нужеда кIочон хутIун гьев Юсуп бацIица чIвазе гуриланги хIинкъулев вуго дун» - абун.**

**I4. Гьел васаз абуна: «БичасхIаги, гьав анцIго гIолохъанчиясда цадахъ вукIаго Юсуп бацIица чIванани ва нижеда гьев цIунизеги кIвечIони, ниж рукIунаха цIакъго тохал гIадамал -** абун.




**I5. Цинги Юсупги (гIв) вачун гьел вацал, жидер мурадлъун бугеб гъуй бугеб бакIалде щведалго ва гьев жанив реххизеги гьел хIадурлъараб мехалъ, дица Юсупида вахIю гьабуна: «Дуца сабро гьабе! Цо къо бачIине буго дуца гьел вацазда бицунеб жакъа гьез дуе гьабураб къварилъи. Гьеб къоялъ гьезда лъазеги гьечIо мун жидер вац Юсуп вугеблъи» - абун.**

**I6. Жидер эмен ЯгIкъубихъе васал рачIана сордо бецIлъараб мехалъ ва гIодилаго гьесда тIаде лъугьана.**

**I7. Гьез абуна: «Я нижер эмен! Ниж цо-цазда къец гьабун щивдай бергьула абун, чIорбутI речIизе (яги чуял тIамизе, яги рекеризе) ана, нижеца Юсупги къай-цIа ва квен-тIехалда аскIов тана. Гьеб гIужалъ бацIги бачIун гьелъ Юсуп кванан ватана. Гьаб нижеца бицунеб жоялда мун божиларевлъиги лъала нижеда, кигIанго битIараб жо бицунеллъун ниж ругониги.** Мун нижеда шакдарулев вугелъул ва Юсуп хвана абураб жоялда божизе дуе бокьунги гьечIелъул. Гьез бицунеб хабаралъго загьир гьабулеб букIана гьеб гьереси букIин. ЦIогьорасул тIагъуралда цIа рекIун букIунин абухъего, гьез бицулеб жо жинда божулареб букIин гьездаги лъалеб букIана.

**I8. Гьересияб би тIад бахараб горде босун рачIана гьел** ва гьеб горде инсуда ццебе рехана**.** Гьалеха Юсупил бидул цIараб гурде, гьевги бацIалъ тIетIезавун нахъе хутIараб абун. ЯгIкъуб аварагас гьеб горде кодобе босана ва гьес абуна: «гьереси бицунеб буго нужеца: бацIалъ Юсуп тIетIезавураб мехалъ горде сах-саламат хутIуларо»-абун. **ЯгIкъуб аварагас абуна: Нужеца бицунеб жо гьереси буго, гьеб ишги гьедин гьечIо. Нужер напсаз нужеда цIакъ квешаб амру берцин бихьизабун буго. Гьанже дица цIакъ берцинаб сабро гьабила. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго дие квербакъулев гьеб нужеца бицунеб гьересияб хабаралдаги, Юсуп ватIалъиялдаги сабро гьабизе ва Аллагьасда хьуллъун, таваккал тIамун чIезе.**


**I9. Цинги сапаралда бугеб цо къокъа бачIана гьеб гъуй бугеб бакIалде, ва гьез жидер цояв витIана гьеб гъуялдаса лъим босизе. Жинца цIарагI жанибги реххун къватIибе бахъараб мехалъ гьеб кваралдаги хурхун цIакъ берцинав вас ватана лъим босизе арасда. Гьев цIакъ воххун жиндир гьалмагъалъиялда ахIана: гьале роххел! Балагье дида батараб жоялде абун.** Гьев Юсупги вачун жиндирго гьалмагъалъиялде аскIове араб мехалъ тIаде рачIун Юсупил вацаз: **гьав нижер**

**лъутарав лагъ вугоян абуна. ТIадегIанав Аллагъ (عز وجل) жинда лъалев вуго гьез бицунебги, гьабулебги жо.**

**20. Цинги Юсупил вацаз гьев вичана гьеб къокъаялъул цо чиясе цIакъго дагьаб багьаги босун. Жал рикIкIарал диргьамал рукIана гьел. Гьезда Юсупил къадроги лъалеб букIинчIо, жидее гьев къваригIунги вукIинчIо.**

**2I. Юсуп вичун восарав мисриялъул хIакимас жиндир чIужу Зулайхада абуна: «дуца гьав вас хира гьавун, кIодо гьавун чIезе гьаве нилъеда гьоркьов. Гьев нилъеца васгIадин тезе вуго ва гьес нилъее рукъоб хъулухъ гьабун кумек гьабизеги бегьула» - абун.** Жидер лъимер букIинчIелъул васгIадин тезе къасд гьабуна КъитIпирица Юсуп. Гьеб буго Юсупие бугеб кIодолъи ва гьев лагълъиялдаса вахъи. Гьедин бугелъул Аллагьас абулеб буго: **Гъуялдасан къватIив вахъун хвасар гьавурав гIадин, дица Юсупие Мисриялъул ракьалда хиралъи ва кIодолъи гьабуна. Дица гьесда цересел тIахьалги лъазаруна, гьезул магIнаги бичIизабуна. Макьуялъул магIна лъалевги гьавуна Юсуп.** Жиндие гьелдаса мунпагIат букIинелъун. **ХIакълъунго Аллагъ жиндие бокьараб жо гьабизе щибго жоялъ нахъчIваларев вуго. Кинниги, гIемерисел гIадамал жидеда Аллагьасул (** عز وجل**) хIикматал лъаларел, гьесул иш бичIчIуларел руго.**

**22. Юсуп жиндир черхалъул ва гIакълуялъул щулалъиялда вахараб мехал, Дица Юсупие кьуна гIелму-лъай, диналъулъ жо бичIчIи ва авараглъи. Гьадин кIодо гьарула дица жидер гIамал лъикIал гIадамал:** иман камилал хиянат гьечIел, къотIуе ритIухъал гIадамал. Байзави абулев гIалимас абуна: Юсуп аварагасул Мисриялъул ГIазиз КъитIпирица вичун восараб мехалъ анцIила ункъабилеб сон букIана. АнцIила лъабго сон гьесда аскIоб бараб мехалъ туснахъалъув тIамуна, гьениб анкьго (яги лъабго сон) бан хадуб Раяан ханас жиндир вазирлъун гьавуна. Гьаб заман буго Юсуп аварагасул лъеберго яги лъебералда лъабго сон бугеб замана. Гьалдаса хадуб кьуна гьесие авараглъи.




**23. Цинги гьев Юсуп тIалаб гьавуна жив жиндир рукъов вугей КъитIпирил чIужу Зулайхаца. Цо къоялъ Зулайхаца рукъалъул нуцIби рахана ва Юсупида цее чIчIун гьелъ абуна: гьале дунги, гьале бусенги.** Дуе щибго хIинкъи гьечIо, хехго вачIа дида аскIов абун. **Юсупица абуна Аллагьас (**عز وجل**) цIунаги дун гьеб квешаб жо гьабиялдаса абун. Дур рос КъитIпир вуго дир сайид** (бетIергьанчи), **жинца дие гIемераб лъикIлъи гьабурав ва дун берцинго жиндир рокъов хьихьарав. Жидеца зулму гьабулел, хIарамаб жо гьабулел гIадамазул кидаго мурад тIубаларо ва гьезул лъикIлъиялда квершел батуларо.**

**24. Цинги Зулайхаца яхI бахъана Юсуп жинда аскIов вегизавизе. Цинги Юсупил напсалда жанир пикраби лъугьана гьей Зулайхае мутIигIлъизе. Ва амма гьес напс къезабуна, Аллагьас (**عز وجل**) жинда бихьизабураб гIаламаталъул кумекалдалъун. Дица гьев Юсуп аварагасдаса кинабго квешлъи ва къварилъи нахъчIвала ва зинагIадаб къабихIаб жоги нахъчIвала. Гьев Юсуп вуго дица дие тIагIат - гIибадат гьабиялъе ва авараглъун вукIиналъе тIаса вищарав лагъ.**

**25. Цинги Юсупги Зулайхаги рагьо бугеб рахъалда рекерана.** Юсуп гьелдаса лъутун, къватIиве ворчIизе къасда гьабун векерана. Зулайха шайтIаналъ гьалаг гьаюн, хIайваналда релълъун лъугьун, гьесда хадуй йортун нахъаса ккун гьев чIезавизе лъугьана. **Ва гьесул гордеги бихъизабуна мугъ бугеб рахъалъан. Гьеб хIалалъ унаго гьезда рагьоялда аскIов щун ватана Зулайхал рос КъитIпир.** Гьеб лахIзаталъ Зулайхал гIакъло рукIалиде бачIана ва жинца гьабулеб букIараб жоялда кантIана. цингиги гьелъ щибго хIал хисичIого кинабго лъугьабахъин гIаксалда сверизабуна ва жиндир зулмуялдаса лъутулев вукIарав Юсуп жиндие зулму гьабулев вукIаравлъун вихьизавуна.

**Зулайхаца абуна: «Я дир хирияв гьудул! Дур агьлуялъе квешлъи гьабизе ургъарав гьадинав чиясе щиб жо гьабилеб цIакъ квешаб гIазаб гурони, яги туснахъалда рехун гьенив жанив тей гурони»-абун.**

**26. Юсупица абуна: «Дица щибго квешлъи гьабичIо, гьеб гьабизе ракIалдаги ккечIо. Гьей Зулайхаца вукIана дун тIалаб гьавулев»-абун.** жиндир нахъияб рахъалдаса бихъун бугеб гурдеги бихьизабуна, жив битIараб бицунев вукIиналъе хIужалъун.


Цинги КъитIпир гьабизе жо лъаларого хутIидал ва лъида гIайиб бугебги жиндие загьирлъичIелъул, гьесие кумек гьабун Юсуп бугьтаналдаса хвасар гьавун, ТIадегIанав Аллагьас киниялда жанибго бугеб гьитIинаб лъимер кIалъазабуна. Г**ьеб лъимералъ абуна: «Гьев Юсупил горде ццебесахун бихъун батани Зулайхаца бицунеб жо битIараб буго, гьев Юсупги жинца гьереси бицунев вуго.**

**27. Гьесул горде нахъасахун бихъун батани Зулайха гьереси бицуней йиго ва Юсуп жинца битIараб жо бицунездаса вуго»- абун.**

**28. КъитIпирида бихьидал Юсупил горде нахъаса бихъун букIин, гьес абуна: «гьаб иш нужер макроялдаса цо макро буго, я гьал руччаби! Нужер хIилла-макроги цIакъ кIудияб букIуна.**

**29. Я Юсуп! Дуца гьаб хабар ва гьаб рокъоб лъугьараб жо лъидаго бицунге, дуда гьеб кIочон, гьелдаса вуссун чIа мун. Дуцаги, я Зулайха, гьеб дудаса ккараб сурукъаб ишалдаса тавбо гьабе, Аллагьасда (عز وجل) дур мунагьал рахче абунги гьаре. Гьаб ишалъулъ мун йикIун йиго гIайибалъул бетIергьан абун.**

**30. Гьеб шагьаралъул руччабаца цо-цаздехун абуна: «Гьаб шагьаралъул гIазизлъун вугев** (бишун кIудияв хIаким) **КъитIпирил чIужуялъ жиндир рокъов цевеса хIалтIулев чилъун вугев Юсуп тIалаб гьавулев вуго жинда аскIов вегизе. Юсуп вокьи гьелъул рекIелъ жаниб бортун буго ва гьелда дов тезе кIолев гьечIо. Валлагьи, нижеда гьей Зулайха йихьулей йиго цIакъ квешаб бакIалда ккун ва нух къосун, гIакъло сверун» - абун.**




**3I. Гьаб хабар рагIараб мехалъ Зулайхаца хадув чи витIун шагьаралъул бишунго къадро бугел чагIазул руччаби ахIана жиндир кIалгIаялъур. Зулайхаца гьел руччабазе мугъ чIван рахIаталде гIодор чIолеб бакI хIадурана, щияй гIаданалъухъе нусги кьуна пихъалдаса хъал бахъизе, гьан къотIизе.** Цинги гьел киналго данде руссун цIакъ хIалхьон ва кеп щун гьел нигIматал кваналел ругеб мехалъ **Зулайхаца Юсупида абуна: мун гьел руччабазда тIаде лъугьа ва гьезда цевеса хьваде абун. Гьел жанир чIараб рокъов лъугьун Юсуп жидеда вихьарабго гьел руччабазда цIакъ кIудияб гIаламат бихьараб гIадаб жо лъугьана: нусал жидерго кверазда лъулъан жидеца кверал къотIана. цинги гьезги абуна: «Аллагь вацIадав ва ТIадегIанав вуго! Гьадинаб гIажаибаб берцинлъи бижун бугоха Аллагьас. Гьев чи гIадамго гьечIо. Гьав чи хирияв малаик вуго, гIадамазда гьоркьов виччарав» - абун.**

**32. Цинги Зулайхаца абуна: Гьале гьав чи вугоха гьев, нужеца дида гIайиб чIварав дие гьев вокьана абун. БичасхIаги, дица гьев Юсупие чанги чалухаб пиша гьабуна** ва гьев дида аскIов лъугьун гьесулгун дица шагьват тIубазе яхIги бахъана. **Амма гьев цIакъ цIунун чIанаха. Гьанжеги дун гьедулей йиго нужедаги рагIун: Гьев Юсупица дир амру тIубачIони ва дие бокьараб жоги гьабичIони, гьев дица бецIаб гвендинив рехун туснахъ гьавила ва гьев цIакъ хIакъир гьаруразда вукIина» - абун.**

**33. Цинги Юсупица Аллагьасда (عز وجل) гьари, хIели гьабуна ва гьес абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Гьеб бецIаб, махIцараб ракьул гвенд бигьаяб буго дие ва гьеб туснахъ дие бокьила гьал руччабаз жинда ахIулеб къабихIаб иш гьабун дур ццим бахъи дида щвеялдаса. Дуца дун**

**цIуничIони ва дуца дун гьезул макроялдаса хвасар гьавичIони дун гьездехун гьетIизе бегьула, цинги дунги гьезда релълъарав лъугьина» - абун.**


**34. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Юсупил (гIв) дугIаялъе жаваб гьабуна ва гьел руччабазул макро гьесдаса нахъчIвана. ХIакълъунго Аллагь жинда гьарарав чиясул дугIа рагIулев вуго ва жинца дугIаялъе жаваб кьезе мустахIикъал чагIи жинда лъалев вуго.**

**35. Цинги КъитIпирие ва гьесул гIакълу чагIазе лъикI бихьана цо заманаялъ гьев Юсуп туснахъалда тIамун тезе.** КъватIул харбалги тIагIизегIан, цоги щиб бугониги мустахIикъаб хIукмуги загьирлъизегIан.

**36. Юсуп авараг туснахъалда вукIаго гьесда цадахъ гьениве реххана кIиго гIолохъанчиги. Цо нухалъ радал тIаде рахъиндал, ханасе гьекъолеб жо хIадурулев вукIарас абуна: «Валлагьи, дие макьу бихьана дица ханасе гьекъолеб жо гьабизе цIибил цIцIун гьелъул лъим бахъулевлъун вуго дун» - абун. Цогияв гIолхъанчиясги абуна: «Валлагьи, дидаги бихьана макьу дир бетIералда тIад лъун кIудияб чед баччун дун вугев гIадин ва гьеб чед гьелда тIад гIодор чIун хIанчIазги кваналеб бугин» - абун. Дуца нижеда гьал макьабазул магIна бице, нижеда мун цIакъ лъикIав чилъун вихьулев вуго ва дуда гьел макьаби къотIизеги лъалеб батизе ккола»- абун.**

**37. Юсупица гьев кIиясдаго абуна: «Аллагьас дие кьураб лъай буго нужее квен бачIинелде ццебе щиб квен нужее бачIине бугеб дида лъай.** Гьединго цогиги балъголъаби руго Аллагьас ( عز وجل) дида лъазарурал»-абун. Гьеб хабар Юсупица бицана гьев кIиявго иман лъеялде ахIилелде ва гьезие вагIза гьабилелде ццебе,- гьел жинда гIенеккизе ва гьезул божи цIикIкIинабизе, хадуб гьес абуна: «**Гьаб дица бицунеб жо буго Аллагьас (عز وجل) дида лъазабураб. Гьеб гьечIо сихIпо яги гьереси. Дица Аллагьасда иман лъоларе къавм тана, дун гьезда гьоркьоса нахъе ана, гьединго ахираталда инкар ккураб къавмги тана дица»**-абун**.** Гьаб рагIиялдалъун Юсупица бицана жив вукIин аварагзабазул рокъосан чи, живги жиндир умумулги купру-ширкалдаса рикIкIадал, Аллагь цо гьавулел, ахираталда иман лъолел рукIин.

Иман лъеялъул бищунго кIудияб кIиго асло буго гьаб: I). Аллагь цо гьавун гьесда иман лъей. 2). ХIисаб-мизан гьабулеб, алжан-жужахI жиндилъ бугеб ахираталда иман лъейги.




**38. Дун нахъвилълъарав вуго дир умумул Ибрагьимил, ИсхIакъил ва ЯгIкъубил диналда. Ниж рукIинчIо ва гьечIо, ва нижее бегьуларо Аллагьасде щибго жо гIахьал гьабизе, гьелъие гIибадат гьабун ва дугIа гьабун. Ниж Аллагьас ( عز وجل) тIаса рищун руго жиндир диналда халкъ ахIизе.** Гьедин бугелъул ниж рукIине ккола цIакъ рацIцIадаллъун ва цогидал гIадамазе мисалияллъун.

**Гьаб Аллагьасда иман лъей, гьев цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабиги, Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб-рахIмо ва хиралъи буго нижее бугеб ва киналго муъминзабазеги бугеб.** Аллагьас нижеда вахIю гьабун гьеб лъазабун буго, ва гIадамаздаги ниж расулаллъун гьарун, гьезда нижеца малъун лъазабун буго. **Ва амма гIемерисел гIадамал гьаб кIудияб нигIматалъул къадро лъаларел ва гьеб нигIматалда данде Аллагьасе (عز وجل) шукру гьабуларел руго.**

Жиндие лагълъи гьабизе хIакъав, жал рижарав, хьихьулев ва хвезарун ахир тIадеги рахъинарулев Аллагьги кIочон, цоги щиб бугониги жояльe лагълъи гьабулел руго. БоцIуе, гIарац-меседалъе, жидедаго релълъарал гIадамазе лагълъи гьабун, жидецаго гьарурал хъанчазе-алагьзабазе лагълъи гьабун.

**39. Юсупица абуна: «Ле, дунгун цадахъ гьаб туснахъалъур ругел гIолохъаби! Нужеца ургъун бихьея: батIи-батIиял, цоязда цоял къацандулел, жидер иш-пиша данде кколарел гIадамалищ**


**лъикIал ругел гьезда нахърилълъине ва бетIергьанлъун рукIине. Яги жинда къацандулев чи гьечIев ва къец гьабуниги жиндаса щивго бергьунарев жив цогояв Аллагьищ лъикIав?**

**40. Ле, Аллагьасде ширк гьабулел гIадамал: нужеца жиндие лагълъи гьабулеб жо гьечIо нужецаго ургъарал, нужецаго алагьзабилъун тарал хъанчал гурони. Аллагьасул рахъалъан кинабгIаги хIужа-далилги гьечIо гьезие гIибадат гьабе абун, гIибадат гьабиялъул хIукму цохIо Аллагьасе гурони гьечIо. Гьев Аллагьас (عز وجل) лагъзадерида амру гьабун буго цохIо жиндие гурони лагълъи гьабуге абун. Гьаб дица нуж жинда ахIулеб дин буго жиб битIараб, жиндилъ шаклъи гьечIеб**, гьеб диналдалъун нужер дунялалдаги ахираталдаги квершел батизе буго. **Кинниги, гIемерисел гIадамал гьаб амру жидеда лъаларел руго**.

**4I. Ле, дир кIиявго туснахъалъ гьалмагълъун гьарурал гIолохъаби! Нужер цояв туснахъалдаса къватIиве веччан цевего вукIараб хIалалъ жиндир ханасе гьекъолеб жо кьолев чилъун вукIине вуго. Цогидав туснахъалдаса къватIиве вачун кварида ван гъанкъизе вуго ва гьеб бакIалда дализе гьавунги тезе вуго, бетIералда тIад чIчIун хIанчIаз жиндир гьан бикIун кваналевлъун. Нужеца дидаса тIалаб гьабураб хIукму дица бицана ва гьеб хIукму Аллагьас (عز وجل) гьабун лъугьараб буго.** Жиндие хиси гьечIеб буго. Нужеца битIараб бицун батаниги гьереси бицун батаниги гьеб буго нужее бугеб хIукму абун.

**42. Цинги Юсупица абуна туснахъалдаса къватIив виччазе вугев гIолохъанчиясда: дуца дун вице дур ханасда аскIове щвараб мехалъ.** Щибго гIайиб гьечIого бугьтанги тIад лъун, туснахъалъув вукIин бице гьесда. Гьев лъикIав хан ватани гьес битIараб жо тIалаб гьабун хIакъикъат цIехезе бегьула ва дунги гьаб дида тIад лъураб бугьтаналдаса вацIцIадавлъун лъугьине бегьула. **ШайтIаналъ Юсупида гьеб лахIзаталъ кIоченабуна цохIо Аллагьасда гуреб жиндир хIажат гьаризе бегьулареблъи ва гьелъул гIакъуба гьабун цо чанго соналъ жив туснахъалдаги хутIана.** Вагьбу абулев гIалимас абуна: Аюб аварагги анкьго соналъ вукIана БетIергьанас жиндир хIал бихьизе унти-къварилъи тIаде биччан. Юсуп аварагги анкьго соналъ вукIана туснахъалда жиндир хIалбихьи гьабизе-абун.

**43.** Египеталъул ханасда цо гIажаибаб макьу бихьана ва гьелъ хIинкъизавун жинца хехго макьу къотIулел гIадамал ва гIалимзаби данде ракIарана. **Цинги ханас абуна: «Дида макьилъ бихьана анкьго цIакъ кьарияб, берцинаб гIака цоги анкьго хIалакъаб гIакаялъ жал кваналел ругел гIадин. Цогиги анкьго гIурччинаб жаниб цIураб тIор бихьана, анкьго бакъвараб, жаниб мугьго гьечIеб тIорги бихьана. Нужеца дида гьаб макьуялъул магIна бице, я дир къавмалъул гIакълочагIи, нужеда лъалеб батани макьу къотIизе ва гьелъул магIна гьабизе»-абун.**




**44. Гьел гIалимзабаца ва макьу къотIулез абуна: «гьеб дуда бихьараб жо буго битIараб ва мекъаб батIа гьабизе лъаларе жобо-гъобораб макьу. Гьединаб макьуялъул магIна гьабизе нижеда лъаларо ва мун разилъулеб жаваб кьезеги кIоларо» - абун.**

**45.** Ханасул гьаб макьуялъул хабар жинда ргIараб мехалъ **дов туснахъалдаса къватIив вачIарав гIолохъанчиясда Юсуп ракIалде щвана. Гьев Юсупил хабарги ханасда бицун гьес абуна: «Дун витIе Юсупихъе, дица бачIина ханасул макьуялъе битIараб жаваб» -абун.** Ханас гьев Юсупихъе витIана. Цинги жив туснахъ бугеб бакIалда ун Юсупида тIаде лъугьана ва жинца абуна.

**46. Я Юсуп! Я гьав цIакъ битIун макьу къотIулев чи! Дуца нижеда бице анкьго кьарияб гIакаялъул хабар, анкьго хIалакъаб гIакаялъ жал кваналел. Анкьго гIурчинаб, жаниб цIураб ва анкьго бакъвараб мугь жаниб гьечIеб тIоралъулги хабар бице. Гьеб дуца бицараб жоги босун дун ханасухъе ина ва цинги ханасдаги, кинабго халкъалдаги лъазе буго дур гьунар ва дур гIелму.**

**47. Юсупица абуна: «Нужеца хур бекьизе буго анкьго соналъ. Кутакалда хъулухъ гьабун гьеб бижизабизе яхIги бахъизе буго. Гьеб хур бакIарун щинахъе гьениса щвараб хIалухъин тIоралдаса батIа гьабичIого гьури, цIад, бакъалъ зарал гьабулареб хIалалъ цIунизе ккола. Нужеца кваначIого рес гьечIеб къадар лал тIамун, хенон тасарупги гьабила»** (расход). Гьанже гIалимзабада лъалеб гIелмияб хабар буго Аллагьас ункъазар сон гIагарун заманаялъ цебего Юсупил мацIалдалъун гIадамазда малъулеб: тIорониб бугеб тIоршел рухIчIаголъиялъ (хIапара, нацI) ва гьава бакъалъ хвезабиялдаса лъикI цIунараб букIуна. Гьелъул тIагIамалъул даражаги лъикI цIунун хутIула: витаминал, каллориял.


**48. Цинги бачIизе буго анкьго сон, жал цIакъ захIматал, щибго хур-хер бижуларел, цIадал къотIарал. Гьел соназда жаниб нужеца кваназе буго данде бакIарун, нахъе цIунун букIараб тIоршел. Хьодуе нахъе лъун тараб дагьабго къадар тIоршел хIутIизегIан.**

**49. Гьелда хадуб бачIизе буго цIакъ бечедаб лъикIаб заман, гIемер цIадалги ралеб, пихъ-хурги бижулеб, гIадамаца цIолбол чамастакил гьуинал лъимал (сокал) рахъулеб ва гьекъолеб жоги гьабулеб.** Гьаб хабарги босун жиндир гьекъолеб жоялъул тадбир гьабулев гIолохъанчи тIаде вачIиндал ханасе гьес бицараб жо цIакъ бокьана ва гьес амру гьабуна Юсуп жиндихъе вач абун.

**50. Ханас абуна: «Гьев Юсуп вачун рачIа нуж дихъе» - абун. Юсупида хадув витIарав чи гьесухъе щведалго гьес абуна: «Мун а дурго ханасухъе ва дуца гьесда абе дол жидеца кверал къотIарал руччабазул ахIвал-хIал цIехе абун. Дир БетIергьан Аллагь (عز وجل) цIакъ лъалев вуго гьез гьабулеб букIараб макро ва хIила.**

**5I. Цинги маликас (ханас) гьел руччабазда абуна: «щиб квешаб ишалъе ургъун рукIарал нуж гьев Юсупие макро гьабулеб мехалъ ва гьев нужедехун къабихIаб иш гьабиялда ахIулеб мехалъ» - абун. Гьел руччабаца абуна: «Аллагь вацIадав ва тIадегIанав вуго! Гьес жиндие хирияв лагъ чороклъиялда виччаларо. Нижеда щибго жо бихьичIо Юсупил рахъалъан гьесда гIайиб чIвазе бегьулеб» - абун.** Цинги Зулайхаги ракI парахалъун лъугьана, гьелда Аллагьас (عز وجل) ракIалда рехана тIубанго битIараб бицине. **Ва гьелъ абуна: гьанже кинабго жо загьирлъулеб буго. Балъгоябги тIатулеб буго, хIакъаб жоги бергьулеб буго. дун йикIана гьев Юсуп вокьарай ва дица вукIана гьев тIалаб гьавулевги. Валлагьи, гьев Юсуп витIарав вуго жинда гIайиб гьечIо абураб ргIиялъулъ - абун.**

**52. Гьаб дир мукIурлъиги буго Юсупида лъазе, гьев цIеве гьечIеб мехалъ гьесда нахъаса кIалъан дица гьесул къадро хвезабичIеблъи. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) хиянатчагIазул макро тIубазе толаро.** БитIараб жо загьир гьабичIогоги толаро Аллагьас.


الجزء الثالث عشر سورة يوسف
وَمَآ أُبَرِّئُ نَفْسِيٓ ۚ إِنَّ ٱلنَّفْسَ لَأَمَّارَةٌۢ بِٱلسُّوٓءِ إِلَّا مَا رَحِمَ رَبِّيٓ ۚ
إِنَّ رَبِّى غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٥٣﴾ وَقَالَ ٱلْمَلِكُ ٱئْتُونِى بِهِۦٓ أَسْتَخْلِصْهُ
لِنَفْسِى ۖ فَلَمَّا كَلَّمَهُۥ قَالَ إِنَّكَ ٱلْيَوْمَ لَدَيْنَا مَكِينٌ أَمِينٌ ﴿٥٤﴾
قَالَ ٱجْعَلْنِى عَلَىٰ خَزَآئِنِ ٱلْأَرْضِ ۖ إِنِّى حَفِيظٌ عَلِيمٌ ﴿٥٥﴾ وَكَذَٰلِكَ
مَكَّنَّا لِيُوسُفَ فِى ٱلْأَرْضِ يَتَبَوَّأُ مِنْهَا حَيْثُ يَشَآءُ ۖ نُصِيبُ
بِرَحْمَتِنَا مَن نَّشَآءُ ۖ وَلَا نُضِيعُ أَجْرَ ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٥٦﴾ وَلَأَجْرُ
ٱلْءَاخِرَةِ خَيْرٌ لِّلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَكَانُوا۟ يَتَّقُونَ ﴿٥٧﴾ وَجَآءَ
إِخْوَةُ يُوسُفَ فَدَخَلُوا۟ عَلَيْهِ فَعَرَفَهُمْ وَهُمْ لَهُۥ مُنكِرُونَ
﴿٥٨﴾ وَلَمَّا جَهَّزَهُم بِجَهَازِهِمْ قَالَ ٱئْتُونِى بِأَخٍ لَّكُم مِّنْ أَبِيكُمْ ۚ أَلَا
تَرَوْنَ أَنِّىٓ أُوفِى ٱلْكَيْلَ وَأَنَا۠ خَيْرُ ٱلْمُنزِلِينَ ﴿٥٩﴾ فَإِن لَّمْ تَأْتُونِى
بِهِۦ فَلَا كَيْلَ لَكُمْ عِندِى وَلَا تَقْرَبُونِ ﴿٦٠﴾ قَالُوا۟ سَنُرَٰوِدُ عَنْهُ أَبَاهُ
وَإِنَّا لَفَٰعِلُونَ ﴿٦١﴾ وَقَالَ لِفِتْيَٰنِهِ ٱجْعَلُوا۟ بِضَٰعَتَهُمْ فِى رِحَالِهِمْ
لَعَلَّهُمْ يَعْرِفُونَهَآ إِذَا ٱنقَلَبُوٓا۟ إِلَىٰٓ أَهْلِهِمْ لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ
﴿٦٢﴾ فَلَمَّا رَجَعُوٓا۟ إِلَىٰٓ أَبِيهِمْ قَالُوا۟ يَٰٓأَبَانَا مُنِعَ مِنَّا ٱلْكَيْلُ
فَأَرْسِلْ مَعَنَآ أَخَانَا نَكْتَلْ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ﴿٦٣﴾
٢٤٢

**53. Дица дир напс бацIулеб гьечIо: ХIакълъунго инсанасул напсалъул тIабигIатго буго жинца гьев квешаб жоялда ахIулеб.** Гьанже дида гурхIизе чиги гьечIо, ц**охIого Аллагь (**عز وجل**) гурхIун, гьев тIаса лъугьун, гьес тархъан гьаюни гурони. ХIакълъунго дир Аллагь жинца мунагьал рахчулев ва жив цIакъ гурхIулев вуго.**

Гьаб дица гьабураб тапсир ва таржама буго ИбнухатIибица, Мунтахаб абураб тапсиралда, Ибнукасирица гьабураб тапсир. Цоги гIалимзабаца гьаб ахираб кIиго аяталъул тапсир гьабуна гьел ргIаби Юсуп аварагас абурал ругин абун: «дица гьаб рацIалъи тIалаб гьабуна Зулайхал росасда лъазе дица хиянат гьабичIеблъи». (52 аят) «дир напсги бацIунаро дица. Инсанасул напс квешаб жоялда гьев ахIулеб буго. Аллагь гурхIун гьес цIунун гурони дунги квешаб жоялда ккезе бегьулаан. Аллагь (عز وجل) гурхIулев вуго ва жинца мунагьал рахчулевги вуго»-абун.(53 аят)

**54. Цинги маликас абуна: «Нуж рачIа гьев Юсуп дихъе вачун, дица гьев тезе вуго дидаго аскIов.** Дир вазирлъун гьавизе вуго» - абун**. Юсуп жиндихъе вачун вачIиндал ва гьесдехун кIалъан гьесул хIал-хIукмуги цIехедал маликас абуна: «дуца тIокIаб ургъел гьабуге, гьанжеялдаса хадуб дуе божилъи ва парахалъи букIине буго -** абун.

**55. Юсупица абуна: дуца дун гьаве дур хазиначилъун, кинабго ракьалда тIад бугеб жоялъул тадбир гьабулевлъун. Дида гьеб хIалтIиги лъала ва дица щибго хиянат гьабичIого гьеб иш тIубазе буго** абун.

Гьаб Юсупица «дун хазинаялда тIад те» абураб жо гьечIо гьес хъулухъ тIалаб гьабилъун, гьесул чухIи-рецц бокьилъун. Юсупида лъадалго ханас гьев вазирлъун гьавулев вукIин ва бокьараб иш тIад къан тезе вукIинги, гьесул къасд ккана гьеб хъулухъалда чIун лъикIилан. Хазинаялъул ихтияр кодоб бугони гьеб лъикIаб хIалалъ хьвадизабизе рес букIуна. Гьелдаса мискин-пакъирасе кумек гьабизе рес букIуна. Маликас гьев жиндир кинабго боцIи-малалъул ихтияр кодоб бугев вазирлъун гьавуна.

**56. Гьадин кIодо гьавуна дица Юсуп ва гьесие кIудияб ихтияр кьуна Мисриялъул ракьалда тIад жиндие бокьараб бакIалда ине, бокьаралъув чIезе. Гьадин кьола дица дир рахIмат ва кIодолъи дие бокьарав чиясе. Дица гIадада хвезабуларо ва нукъсанги гьабуларо жидеца лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазул ажро, дица гьезие гIемерго цIикIизабун лъикIаб жаза гьабула.**

**57. Ва амма ахираталда бугеб ажро цIакъго лъикIаб ва тIокIаб буго Аллагьасда (**عز وجل**) иман лъун гьесдаса хIинкъун дунялалъул рокъоб гIамал гьабурал гIадамазе**

**58. Цинги Юсупил вацалги рачIана Мисриялъул ханасдаса тIоршел босизе абун ва гьел Юсупиде тIаде лъугьана. Гьесда лъана гьел жиндир вацал рукIин, амма вацазда гьев лъачIо.**


**59. Цинги гьезул сапаралда рахъулеб къайи-матахI хIадурулаго Юсупица абуна: «Гьанжесалалъ нуж рачIа дов эмен цадахъав вацги вачун.** Дие гьевги вихьизе бокьун буго нужер вац вугелъул ва гьесиеги цо гьир тIоршел кьезе бокьун буго. **Нужеда дун вихьулев вуго гуришц берцинго къалиги цIезабулев, тIаде рачIарал гьалбадерие лъикIаб хъулухъги гьабулев чи вукIин»-абун.**

**60. Гьевги цадахъ вачун рачIунел гьечIони нуж дихъе рачIунге ва дида гIагарлъуге. Дица нужее тIоршел кьезе гьечIо - абун.**

**6I. Вацаз абуна: «Нижеца гьесул хабар инсуда бицинаха, тамахго, гьев нижеда гIенеккулеб хIалалъ ва нижеца хIал кIвараб жо гьабила абун.**

**62. Юсупица жиндир хIалтIухъабазда абуна гьел вацаз бачIараб къайи-цIа гьезул турпузда жаниб лъун нахъ бусинабун битIе абун. Гьезда рукъор щвараб мехалъ гьеб жидер къайи-цIа батизе буго ва гьел цоги нухалъ нилъехъе тIорщел босизе рачIине руго.**

**63. Жал рокъор щун гIодор чIедалго,** жегиги къайи-матахI рагьичIого букIадго, **инсуда гьез абуна: «Я нижер эмен! Нилъее тIокIаб тIоршел кьезе гьечIо абуна Мисриялъул хIакимас. Гьанжесала нижгун цIадахъ Буняминги витIе нилъее тIорщел босизе. Нижеца гьев вац цIунизе вуго.** Ва зарал ккезе течIого рокъовги вачизе вуго» - абун.




**64. ЯгIкъубица абуна: дица нужеда божилъийищ гьабилеб гьав васасул рахъалъанги, цевеги нужедаги божун дица Юсуп витIарав гIадин. Гьесие нужеца гьабураб хиянат нужеда кIочон батаниги дида кIочон гьечIо.** Гьевги цIунила ва рокъов вачина абун гьаял гьедун рукIана нужеца, амма нужеца гьеб гьа хвезабуна. Дун нужеда божуларо ва нужер цIуниялдаги божуларо. **Аллагь (عز وجل) вуго жидеца цIунулезул бищунго лъикIав ва гьев Аллагь вуго жив гурхIулев, жиндир гурхIел рахIмо киназдаго гIаммав абун.** Дие цо васасул къварилъи хIехьарабги гIела, гьесда хадув гьавги витIун гьев кIиясулго ургъел гьабизе тIамуге дун.

**65. Цинги къай-матахI бичун жанир раккидал гьеб тIошелгун цадахъ жидер къайи-цIа батана. Васаз абуна: «Я нижер эмен! Цогиги щиб лъикIлъи гьабулеб нилъее Мисриялъул хIакимас. Гьале нилъеца тIорщалихъ мухьлъун кьураб къайи-цIа нахъе буссинабун буго.** Гьадинав чиясухъе цоги нухалъ тIоршел босизе инчIого кин чIелел? **Нилъее тIоршел бачIина, Буняминиеги цо гьир тIаде бачIина ва нижеца гьев васги цIунила. Гьаб нилъее цIакъ бигьаго щолеб тIоршел босичIого кин телеб?»абун.** Эмен тамах гьавизе бокьун, вац цадахъ витIизе гьев мукIур гьавизе бокьун, калам халат гьабуна васаз.


**66. ЯгIкъубица абуна: «Дица гьев Бунямин нужгун цадахъ витIиларо нужеца дие щулияб къотIи гьабун гурони Аллагьасул (عز وجل) цIаралдалъун гьедун, гьев вас нужеца рокъов вачIина абун. ЦIакъго нужедаса бергьараб гIузро тIаде бачIун гьев тIад вуссинчIони гьеб нужее гIакъубалъун букIинаро» - абун. Васаз гьес малъухъе гьа гьедун щулияб къотIи гьабидал, ЯгIкъубица абуна: ТIадегIанав Аллагь вугоха гьаб нилъеца бицулеб хабар жинда рагIулев ва гьелъул амру жинда тIамун толев вакил» - абун.**

**67.** Гьал васал кIиабизеги Мисриялда ине хIадурлъун цадахъ Бунямингун гьел къватIире рахъунеб мехалъ **ЯгIкъубица абуна: «Я дир лъимал! Нуж Мисриялде швараб мехалъ шагьаралъул цохIо рагьдухъан жанире унге. Рикь-рикьун батIи-батIиял рагьабахъан жанир лъугьа. Дида кIоларо Аллагьас (عز وجل) къадар гьабураб жо нужедаса нахъчIвазе.** Кин бугониги сабаб гьабе абун Аллагьас амру гьабун бугелъул, нужеда бер ккеялдаса хIинкъун абулеб рагIи буго гьаб. АнцIила цо сахав, берцинав гIолохъанчи цадахъго цо рагьдухъан жанир рачIиялъ гIадамазул рекIелъ асар гьабун бер кколев чиясул бер ккезе бегьула.

Бер ккей абураб жо шаргIалда бугеб буго. Гьелда тIоритIел гьабулеб Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисги буго: «Беральъ чи ракьулъе вачуна, варани хьагиниб бачуна»- абураб кициги буго. **Кинабго хIукму къадар Аллагьасда кодоб буго ва гьесде буго дица таваккал тIамулебги. Киналго таваккал тIамулел гIадамазги гьев Аллагьасде тIаме абе таваккал.**

**68. Жидер имсуца малъухъе васал шагьаралде жанире батIи-батIияб рагьдухъан лъугьана. Гьаб ишалъ Аллагьасул хIукму-къадаралдаса щибго жо хисизабулеб букIинчIо, цохIого ЯгIкъубил гьари тIубан, гьесул напсалда жаниб ккараб бер ккеялъул хIинкъи тIаса инаби гуреб.** ЦохIо рагьдухъан жал лъугьун рукIаралани, цинги бер ккейги загьирлъун букIарабани, гьезда гIайиб чIвазе сабаб лъугьунеб букIана. **Гьев ЯгIкъуб авараг дица лъазабун жинда гIелму лъалев вукIана.** Гьесда лъалаан жиндир сабабаз Аллагьасул (**عز وجل**) къадар нахъе чIвалареблъи. **Ва амма гIадамазул гIемерисел жидеда лъаларел руго дица дие рокьарал гIадамазе кьолел хиралъаби ва тIокIлъаби.**

**69. Гьел вацал Юсупиде тIаде лъугьараб мехалъ, гьес жиндир вац Бунямин жиндир каранда къана ва гьес абуна: «Дун дур вац Юсуп вуго.** Амма дуца гьаб хабар вацаздаса балъго гьабе**. Ва дур ракI къварилъуге гьел вацаз цебеккун гьабун букIараб жоялда – абун.**




**70, 7I. Цинги гьел вацал къайи-матахI босун тIад руссун ине хIадурулеб мехалъ, Юсупица амру гьабуна жиндир хIалтIухъабазда сайидасул жаниб тIун лъим ва гьекъел гьекъолеб меседил сахI Буняминил къаялда гьоркьоб лъе абун.** Къапила нухде бахъун шагьаралдаса къватIибе лъугьилелдего цо **ахIулев чияс ахIана: «я гьаб къапила! Нуж цIогьаби рукIун руго» - абун. Юсупил вацал тамашалъун хутIана. Гьел нахъ руссана ва гьез абуна: «Щиб жо нужер билун бугеб, ва щиб нужеца цIехолеб? - абун.**

**72. Гьел хIалтIухъабаз абуна: нижер сайидасул меседил сахI билун буго**. Гьеб нужеца бикъун батиялда шаклъулел руго ниж. Нужеца цIакъ хIалихьатаб жо гьабун буго. ГьадигIан берцинаб гьоболлъиги гьабураб мехалъ, цогидал гIадамазе кьолелдаса гIемер тIоршелги кьедал, гьединаб иш гьабизе бегьилищ нужеца абун кIал гьикъи гьабуна. **Гьеб меседил сахI нахъе кьурав чиясе цо гьир тIоршел кьезе буго ва дун гъокье чIарав вуго гьаб къотIи тIубазабизе абун.** Амма гьеб нахъеги кьечIого, нижеца чIухьги бан хадуб нужер цонигиясухъ гьеб батани, цIакъ квешаб гIазабги гьабизе буго абун.

**73. Юсупил вацаз абуна: «Таллагьи, нужеда лъала ниж цIогьаби гьечIеблъи ва ниж гьаб Мисриялъул ракьалда рачIун гьечIеблъи пасалъи ва зулму гьабизе»-абун.** Нижер диналда жаниб чияр боцIи-мал бикъи цIакъго хIарамаб жо буго, нижеца шивго чиясе заралги гьабуларо. Аварагзабазул наслоялъул гIадамазда гьединаб иш кин рекъолеб? Сапаралъ унаго нижер хIайваназул кIалазда тIад таргьа бухьун букIуна, гьел хIайваназ чияр хуриса, хариниса кваназе гурин абун. ГьадигIан берцинаб гьоболлъи нижее гьабурав чиясул рокъосан жо кин нижеца бикъулеб? Гьес нижер тIоршалихъ кьураб мухь нахъе битIун батидал, гьебги босун, гьелъул хIакъикъат цIехезе рачIана ниж гьанире» - абун.

**74. Юсупил хIалтIухъабаз абуна: «Нагагь нуж гьереси бицулел ратани щиб хIукмуха нужее букIине бугеб нужерго шаргIалда рекъон» - абун.**


**75. Вацаз абуна: гьеб ишалъе жаза букIине буго гьеб сахI жиндихъ батарав чи нужехъе кьун тей. Гьединаб жаза гьабула нижер шаргIалда рекъон жидеца зулму гьабулел гIадамазе» - абун.**

**76. Къай-матахIалъул цIех-рех гьаби байбихьана гьитIинав вацасулалдаса ццебеккун цогидал ваццалазул къаялда валагьун. Цинги гьеб сахI Буняминил таргьинисан къватIибе босана. Гьадин хIилла малъана дица Юсуп аварагасда, гьесда аскIов Бунямин хутIизавизе. Гьесие ихтияр букIинчIо Мисриялъул гIадамазул гIадаталда рекъон жиндир вац лагълъун кквезе ва жинда аскIов тезе. Аллагьасе (عز وجل) бокьун ва гьесул кумекалдалъун хутIана Бунямин Юсупида аскIов.**

**Дие бокьарав чиясул даража дица тIокI гьабула ва тIадегIан гьабула. Щивав жинда жо лъалев чиясдаса тIадехун вукIуна гьесдаса цIикIкIун жо лъалев чи.**

**77. Юсупил вацаз абуна: «Гьев Буняминица гьеб сахI бикъун батани:** (амма гьеб божизе захIматаб жо буго ва живго Буняминги мукIурлъун гьечIо гьеб бикъиялъе). **Гьеб цIогь буго цебего заманаялъ гьесул вацасги гьабураб гIадаб цIогь» - абун. Гьез абураб рагIи Юсупица жаниб бахчана ва гьеб загьир гьабун, гьезда гIайиб чIван кIалъачIо. Юсупица жиндирго напсалъулъ (жиндиего рагIун) абуна: нуж цIакъ квешал руго нужеца гьабураб ишалъулъ -** абун. **ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца ургъун рицулел жалазул хIакъикъат.**

**78. Вацаз хадубги абуна: «Я гьав къадро кIудияв хIаким! Гьев васасул эмен вуго цIакъ кIодолъарав, херав чи. Нижеда мун цIакъ лъикIав чилъун вихьун вуго ва лъикIлъи гьабулел, къадро-къимат бугел гIадамазул чиги вуго мун. Дуца нижер цояв вац те дуда аскIов дуе лагълъун вукIине гьав Буняминил бакIалда.**




**79. Юсупица абуна: «Аллагьас цIунаги дун дица зулму гьабулев лъун вукIине! щибго жинда гIайиб гьечIев чи кин дица лагълъун гьавулев? Дида кIоларо жиндихъ сахI батарав чи гурони дида аскIов тезе. Нагагь цогидав вац гьанив тани дунги, дир ханги гIадамазе зулму гьабулел чагIилъун рукIуна.** Нижее гьеб ищ бокьун гьечIо. Ниж гьаб ракъиги тIаде бачIун къварилъи ккун бугеб халкъалъе кумек гьабулел гIадамал руго. Нижее бокьиларо халкъалда ццебе нижеда гIайиблъун букIунеб жо гьабизе»-абун.

**80. Бунямин хвасар гьавиялдаса жидер тIобанго хьул къотIараб мехалъ, гьел вацал гIадамаздаса рикIкIалъана ва жалго цо-цазде зигардизе ва мушавара гьабизе лъугьана. Гьезул кIудияв вацас абуна: «Нуж киназдаго лъалаха имсуца кинаб щулияб къотIи босун букIараб ва Аллагьасул (عز وجل) цIаралдалъун нуж гьедун рукIараблъиги гьев Бунямин рокъов вачун рачIине. Гьелдаса цебе Юсупил хIакъалъулъ лъугьараб жоги ва гьесие гьабураб зулмуги, гьев инсухъе вачун рачIинчIеб мехалъ гьесда щвараб къварилъиги бихьанаха нужеда. Дида кIоларо гьаб Мисриялъул ракьалдаса къватIив вачIине гьев инсул изну дие щун гурони. Яги Аллагьас дие цо хIукму гьабун гурони. Гьев Аллагь вуго цIакъ битIараб ва инсанасе жинда жаниб мунпагIат бугеб хIукму гьабулев» - абун.**

**8I. Нуж тIад руссун а, нужерго имсухъе ва нужецаги абе; «Я нижер хирияв эмен! Гьев дур васас ханасул сахI бикъун батанаха! Нижеца дуе бицулеб жоги гьечIо нижерго беразда бихьун нижеда лъараб жо гурони.** Нижедаги бихьун гьеб сахI къватIибе босана гьесул таргьиниса. **Нижеда Буняминица гьеб цIогь гьабилеблъиги лъалеб букIинчIо дуе гьа гьедун къотIи гьабулеб гIужалъ.**


**82. Гьаб нижеца бицараб жо битIараб букIин лъазе дуца цоги гIадамалги ритIун ниж ун рукIараб Мисриялъул шагьаралъул гIадамазда гьикъе, яги нижгун цадахъ гьенир рукIун тIад руссун рачIарал нилъер ракьцоял гIадамазда гьикъе. ХIакълъунго ниж ритIухъал руго гьаб хабаралъулъ ва нижеца Буняминие хиянат гьабичIо» - абун.**

**83.** Ццебеги гьезул хиянат бихьун букIиндал гьеб хабаралда ЯгIкъуб (гIв) авараг божичIо, ва гьес абуна: **Нужер напсаз гьанжеги цо сурукъаб иш гьаби берцин бихьизабун бугоха. Дие тIокIаб сабаб гьечIо ва кумекги гьечIо Аллагьасда (عز وجل) мугъ чIван берцинаб сабро гьабун чIей гуреб. Дир гьесда хьулги буго жинца гьел васал киналго цадахъ дихъе рачун рачIилин ва дир берги гьелдалъун боххилин абун. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда дир хIал лъалев ва жинца гьабулеб тадбиралъулъ хIикмат-пайда бугев» - абун.**

**84. Цинги ЯгIкъуб авараг гьел васалаз бицараб хабар рихун гьездаса вуссана ва Аллагьасде зигара загьир гьабун абуна: «Ва дир рекIел къварилъиха Юсуп сабаблъун» -абун. Гьедин рекIел къварилъиялъ ва гIемер гIодиялъ ЯгIкъубил бералги хъахIал лъугьана.** Беразул кьер хисун гьезул канлъиги ана. **ЦIакъго ццим бахъун ва гьеб ццим жаниб бахчун вукIана ЯгIкъуб.**

**85.** Гьедин бугелъул в**асаз абуна: гьанжеги дуца Юсуп ракIалда щвезавулев вугоха ва гьесухъ ракIги къварид гьабулеб буго. БичасхIаги, дуда гьеб къварилъи кIочон толеб гьечIо мун унтун гьоркь хутIизегIан. Яги дуда хвел тIаде щвезегIан» - абун.**

**86. ЯгIкъубица абуна: «Дица дир пашманлъи ва къварилъи Аллагьасе (عز وجل) бицунеб буго, гьесде бикьулебги буго. Гьев Аллагь вуго жинца дие кумек гьабизе кIолевги.** Нужеда гьечIо дир божи ва мугъчIвай, нужер кумекалда хьуллъунги гьечIо дун. **Гьелда тIадеги дида лъала, Аллагьас (عز وجل) дида лъазабун букIун, нужеда лъалареб жоги»-абун.** Гьесул цIоб-рахIматалъул гIатIилъи, гурхIел-рахIмоялъул гIорхъи гьечIолъи лъала дида. Гьедин бугелъул дир хьул буго Аллагьас дидаса гьаб пашманлъи тIаса босилин абун.




**87. «Я дир васал! Нуж а гьанжеги Мисриялда, ва нужеца цIех-рех гьабе Юсупилги, гьесул вацасулги хабаралъул. Нужер хьулги къотIуге Аллагьасул рахIматалдаса.** Гьесул рахIмат цIакъ гIатIидаб буго, гьелъие гIорхъи-рахъги гьечIо. **Гьеб Аллагьасул (** عز وجل**) рахIматалдаса хьулги къотIуларо Аллагьасда инкар ккураб, гьесул къудрат лъалареб къавмалъул гурони.**

**88. Юсупиде тIаде лъугьараб мехалъ гьез абуна: «Я гьав къадро кIудияв хIаким! Нижедаги, нижер агьло-хъизаназдаги ракъиялъул захIмалъи щун буго.** Гьанже духъе ниж рачIун руго **цIакъго къадараб мухьги босун. Гьеб мухь къадараб бугониги дуца нижее къали цIезабун боце. Дуца нижее Аллагьасе гIоло лъикIлъи гьабе.** Гьев нижер вац нахъе виччай (яги нижее дагьабги тIоршел бечче). **ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) лъикIаб жаза гьабула садакъа кьолел ва цогидал лъикIлъаби гьарулел гIадамазе» - абун.** Вацазул хIели бихьидал ва гьезул ргIиялъул хIеренлъиги бихьидал, Юсупил рекIелъ гурхIелалъул пашманлъи лъугьана, гьев гIодизе гIагарлъана ва гьес абуна:

**89. Нужеда лъалищ нужеца Юсупие гьабун букIараб хIилла ва къадараб пиша, гьесул вацасеги гьабулеб букIараб къварилъи, гьев кIиявго инсуе гIемер вокьулев вукIин рихун? Гьеб заманалъ нуж гIакъло гьечIелги рукIанаха» - абун.**

**90. Вацаз абуна: «Я гьарин, мун унго-унгоги Юсуп гIаги гьечIищ?» - абун. Гьес абуна: «Дун Юсуп вуго ва гьавги дир вац Бунямин вуго. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) нижеда гурхIел-цIоб гьабуна. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жиндаса хIинкъарав, жинда бачIараб къварилъиялда сабро гьабурав чиясул ва жидеца лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазул ажро-кири мукъсан гьабуларев» - абун.**

**9I. Вацаз абуна: таллагьи, Аллагьас мун нижедаса тIокI гьавун вуго ва нижедаса хира гьавун тIаса вищунги вуго.** Аллагьас (عز وجل) дуе цIакъ кIудияб саброги кьун буго, гьесдаса хIинкъиги кьун буго. гIелму-лъай кьун буго ва гучаб хIелмуги, гурхIел-рахIмоги кьун буго. Нижеца дуе гьабураб хIакъирлъи ва гIодобегIанлъи лъалаги букIаго гьаб лъабго нухалъ духъе рачIараб мехалъ гьеб амру балъго тана дуца ва нижедехун цIакъ берцинаб бербалагьи гьабуна. **ХIакълъунго нижеца кIудиял мунагьалги гьаруна.** Гьел мунагьазде данде жаза гьабун Аллагьас ниж гIодорегIанги гьаруна. Аллагь (عز وجل) гурхIани гурони нижее рорчIизе бакIги гьечIо»-абун.

**92. Юсупица абуна: «Жакъа дица нужеда гIайиб чIваларо ва нужее гIакъубаги гьабиларо.** Дица кинабго жо тIаса лъугьун тана**. Аллагьасги нужер мунагьал чураги ва гьев нужеда тIаса лъугьаги. Гьев Аллагь вуго жидеца гурхIел гьабулезул бищунго жив гурхIулев»-абун.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Юсуп аварагасул гурхIелалъул хIисаб гьабе муъминзаби! Гьев чIвазе ургъун рукIарал ва гьев лагълъиялда ккезавурал вацалаздаса живги тIаса лъугьунев вуго, Аллагьасдаги гьарулеб буго тIаса лъугьа абун.


Юсуп аварагас инсул хIал гьикъидал вацаз абуна: гьесул канлъи ун бугин, Бунямингги ватIалъараб мехалъ цIакъго къварилъун, пашманлъун вукIунев вугин абун. Юсупица жиндирго горде кьуна вацазухъе ва гьес абуна:

**93. Нуж а гьаб дир гордеги босун ва рукъор щвараб мехалъ дир инсул гьумералда тIад реххе гьеб. Гьев канлъи бихьулевлъун лъугьине вуго. Цинги нуж киналго цадахъ:** эбел-эменги, нужер руччаби-лъималги, ЯгIкъубил зурияталъул киналго гIадамал **рачIа дихъе»-абун.**

Гьаб букIана Юсупида кIикъого сон гIагарун заманаялъ цебего бихьун букIараб макьуялъул ахирабги хIасил тIубалеб бакI. Юсуп аварагасухъе Мисриялда рачIун ва гьесул хIурмат гьабун гьесда цере анцIила цо вацги эбел-эменги чIей ва гьез Юсупие жидер заманалъул ва халкъалъул гIадаталда рекъон бетIер гIодоб къулун салам кьун кIодолъи гьаби.

**94. Мисриялдаса къватIибе бахъун Юсупил вацазул къапила Шамалдехун бачIунеб мехалъ ЯгIкъуб аварагас абуна: «Валлагьи, дида Юсупил махI бачIунеб буго! нужеца дун херлъун, гIакъло дагьлъун вуго абун абизе гьечIеб ани.** Гьев Юсуп чIаго вугин, гьевгун нилъгъ данделъизе ругин абунги бицинаан дица нужеда»-абун.

**95. Жинда сверухъ рукIарал гIагарал гIадамаз абуна: Таллагьи, мун вуго ццебего букIараб хIалалъ хатIааб хабар бицунев чи.** Юсупил цIар рехсон, гьев вокьун, гьев чIаго вуго абун божун. Гьезул цонигиязул хьул букIинчIо Юсуп (гIв) чIаго вукIиналда ва гьевгун жал данделъиялда.




**96. Цинги ЯгIкъуб аварагасухъе рохел бицунев чи вачIараб мехалъ ва гьеб роххел бицун вачIарас Юсупил горде инсул гьумералда тIаде рехидал, гьев жинда канлъи бихьулевлъун лъугьана. Цинги ЯгIкъубица абуна: дица нужеда абулеб букIана гурищ, я дир лъимал, дида нужеда лъалареб жо лъалин! Юсуп (гIв) чIаго вукIин лъалин ва кидал-къадги гьевгун дун данделъизе вукIинги лъалин.**

**97.** Хадурго рачIун тIаде щварал васазги абуна**: «Я нижер эмен! Мун нижеда тIаса лъугьа, ва дуца Аллагьасда (عز وجل) гьаре нижер мунагьал чуре, нижеда гурхIа абун. ХIакълъунго ниж рукIана цIакъ кIудиял мунагьал гьаруралъун** - абун.

**98. ЯгIкъубица абуна: «Дица дагьаб хадуб дир Аллагьасда (عز وجل) гьаризе буго нужер мунагьал чуре, нужеда гурхIа абун. Гьев Аллагь вуго жинца мунагьал чурулев ва тавбо гьабун руссарал гIадамазда жив гурхIулев» - абун.**

**99. Цинги** Мисраялда бачIун **гьеб къапила Юсупиде тIаде лъугьиндал, гьес эбел-эмен каранде къана ва роххалил магIу тIун гьел гIодона. Хадуб Юсупица абуна: «Нуж киналго лъугьа гьаб шагьаралда жанир, Аллагьасул (عز وجل) амруялдалъун, нуж божаралъун рукIун, нужее шибгIаги хIинкъи гьечIого!» - абун.**

**100. КIалгIаялъур щвараб мехалъ, Юсупица (гIв) эбел-эмен жинда аскIор, ханзаби гIодор чIолел тахазда гIодор чIезаруна. Васалаз ва эбел-имсуца Юсуп кIодо гьавун гьесие суждаги гьабуна. Юсупица абуна: «Я дир эмен! Гьаб буго доб дие бихьун букIараб макьуялъул магIна. Дир БетIергьан Аллагьас (عز وجل) гьеб жакъа загьираб, хIакъаб жолъун гьабуна.**


**Гьев Аллагьас дие лъикIлъиги гьабуна.** жинца дун гъуялдаса къватIив вахъизе нух къосизе гьабун Мисриялъул къапила гъуй бугеб бакIалда тIаде бачараб мехалъ. **Цинги гьеб туснахъалдаса дун къватIиве вахъизе гьавураб мехалъги, Мисриялъул ханасул макьу къотIизеги вачун. Гьанжеги Аллагьас лъикIлъи гьабуна дие, Шамалъул алхуда рукIарал нуж дида тIаде гьанireги рачун.**

**Гьаб кинабго лъикIлъи Аллагьас (عز وجل) дие гьабуна шайтIаналъ дидаги вацаздаги гьоркьоб тушманлъи гьабун букIун хадуб. ХIакълъунго дир БетIергьан Аллагь жиндие бокьараб ишалъулъ гIажаибаб хIалалъ тадбир гьабулев вуго!** Инсан жинда хадув гъолареб, гьесда магIна бичIулареб хIалалъ инсан тIовитIулев вуго. **Ва гьев Аллагь (عز وجل) кинабго жоялъул авал-ахир лъалев, гьелъул тадбир жиндир хIикматалда рекъон гьабулев вуго»-абун.**

**I0I. Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца дие кьуна ханлъиги, бечелъиги, къадро кIодолъиги. Дуца дида малъана макьуялъул магIна гьабизе ва ццересел тIахьал цIалун гьездаса гIелму-лъай босизе. Я гьал зобал ракьал рижарав, кинабго халкъалъул тадбир гьабулев Аллагь (عز وجل)! Мун вуго дир вали, дуда амру тIамулев, дуда хьул лъолев ва гьаб дунялалдаги, хадуб ахираталдаги квер бакъулев. Дуца дун хвезаве Аллагь иманалда, исламалда вукIун ва дуца дун нахърегIизаве мун жинда разиял гIадамазда:** аварагзабада, шагьидзабада, гIалимзабада ва киналго дуда аскIор къадро къимат бугел муъминзабада» - абун**.**

**I02. Гьаб дица дуе ва дур умматалъе бицараб Юсуп (عز وجل) аварагасул къисса, ва гьалда ццере рицарал цогидал къиссабиги руго МухIаммад ﷺ, гьаибал умураздаса дуда вахIю гьабулеб жо.** Гьал руго дуда жал лъазе рес гьечIел, **дудаса гIемерго ццере рукIарал аварагзабазул къиссаби. Дица дуда гьел вахIю гьабун рицунел руго цIакъ мухIканаб хIалалъ, гьел рициялдалъун мун авараг вукIин лъазе ва дуда иман лъезе. Мун Юсуп (гIв) аварагасул вацазда аскIов вукIинчIо гьез киналго данделъун Юсуп аварагасе хIилла-макру ургъулеб мехалъ. Дуда гьеб иш лъазе ресги букIинчIо гьединаб мухIканаб хIалалъ.** Дуда гьеб лъана Аллагьас (عز وجل) вахIю гьабураб мехалъ.

**I03. Дуца кигIан яхI бахъаниги, щиб хIужа-далил бачаниги гIадамазул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго.** Гьаб хIал буго цогидал аварагзабазул ва гьезул умматазулги. Дуца ракI къварид гьабуге МухIаммад ﷺ ва дуда тIад къараб хIалалъ уммат исламияб диналде ахIе.




**I04. Дуца гьездаса ужраги тIалаб гьабулеб гьечIо гьел исламияб диналда ахIун хIакъаб нухалда тIоритIаралъухъ. Гьаб Къуръан буго кинабниги гIаламалъе вагIзалъун ва гьезда лъикIаб жо малъулеблъунги.**

**I05. Чан гIемерал гIаламаталха ругел зобал ракьазда жанир** Аллагь цо вукIиналда ва кинабго махлукъат гьес бижараб букIиналда жинца тIоритIел гьабулеб**,** жидеда кидаго гьел рихьулел, гьезда аскIор жалги хьвадулел **ва амма гьезул щибго пикру гьабуларел, гьездаса руссун, гьезул вагIза насихIат лъугьичIого жал рукIунел.**

**I06. Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал гIадамазул гIемерисез иман лъолеб гьечIо, гьеб иман лъейгун цадахъ жидеца ширк гьабулел рукIун гурони.**

**I07. Гьал Аллагьасда инкар ккурал гIадамазда ракIалдайищ кколеб бугеб жидеда Аллагьасул гIазаб бачIинарин абун, киназдаго тIаде лъугьунеб ва киналго гьалаг гьарулеб. Яги жидехъе къиямасеб къо бачIинаро абун божунищ ругел: жидеда ракIалдаго гьечIого ва жал гьелда хIадурунги гьечIого.**


**I08. Дуца абе МухIаммад ﷺ! Гьаб дун жинда вугеб нух битIараб нух буго. Дица Аллагьасул диналда ахIулел руго киналго гIадамал. Дунги дида нахърилъларал муъминзабиги Аллагьасул (عز وجل) тIоритIелалъул нуралъулъ руго, ва гьев Аллагь ТIадегIанав вуго купру-ширкалъул агьлуялъ гьесда гIунтIизе гьарулел гьересиял харбаздаса ва сипатаздаса. Дун гьечIо Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ дица щибго жо гIахьал гьабулевлъун.**

**I09. Дудаса цереги дица ритIун рукIинчIо МухIаммад, щибаб къавмалда жидедаго гьоркьоса гIадамал гурони, жидеда дир шаригIат вахIю гьабурал. Гьел иман лъезе чIухIарал гIадамал ракьалда тIад щай хьвадуларел ва гьез кин цIехоларев жидеда цересел уматазул жидеца Аллагьасда инкар ккурал, ракьалда пасалъи гьабурал гIадамазул ахир киндай букIана ва кинаб гIазабдай гьезда рештIана абун. Ахираталъул абадияб рукъ цIакъ лъикIаб рукъ бугоха Аллагьасда иман лъурал гьесул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарал гIадамазе, гьаб хехго жиб тIаса унеб, жинда щибго божи гьечIеб дунялалъул рукъалдаса.**

**II0. Жидер къавмалъ иман лъеялдаса аварагзабазул хьул къотIараб мехалъ, ниж гьереси гьарунин ва тIокIаб нижеда иман лъейги букIиларин гьезда ракIалдаги ккараб мехалъ, гьел аварагзабахъе бачIуна дир квербакъи.** Аллагьас жиндир аварагзаби тIобанго жинде кIанцIизегIан ва жиндаса квербакъи тIалаб гьабизегIан тола къавмалда гьоркьор гьез гьереси гьарулеллъун ва махсароде гьарулеллъун. **Цинги дица гьезие квербакъи гьабула. Цинги дица дие бокьарал гIадамал гIазабалдаса хвасар гьарула. Дир гIазаб гьеб квешаб къавмалда рештIараб мехалъ гьездаса гьеб гIазаб жинца нахъчIвалев чиги вукIунаро.**

**III. ХIакълъунго гьал дица рицарал Юсупил ва гьесул вацазул къиссабазулъ жидеца пикру гьабулел, жидер гIакъло бугел гIадамазе мунпагIат босизе гIемераб вагIза буго. Гьаб Къуръанги гьечIо гIадамаз ургъараб калам ва гьез рицунел гьересиял харбал. Гьаб Къуръан буго жинда ццерехун Аллагьас рештIинарурал тIахьал ритIухъ гьарулеблъун ва киналго шаргIиял ахIкамал баян гьарулеблъун.** ХIалалаб-хIарамаб жо баян гьабун, паризаяб ва суннатаб жо баян гьабун, ва цогидабги бусурманчиясул хIажалъи жинда кколеб жоги баян гьабун.

**Жинца битIараб нухда тIоритIулеблъунги буго.** Исламияб диналда, Аллагь цо гьавун, авараг ритIухъ гьавун, гьесул нухда хьвадиялда тIоритIулеб. **Гьедин иман лъун битIараб нухда хьвадараб къавмалъе рахIматлъунги буго гьаб Къуръан.** Гьелда гIамал гьабурав, гьелъул амру-нагью тIубан




хьвадарав чи жужахIалъул цIаялдаса цIунулеб рахIмат буго: жинда гIамал гьабурасе ахираталда Аллагьас кьолел алжаналъул нигIматаллъун бугеб рахIматги буго гьаб Къуръан.

**I3. Сурату РагIди**

Мадинаялда рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда лъабго аят бугеб

**I. Алиф, Лам, Мим, Ра. Гьал руго** жинца гIадамал гIажиз гьарулеб **Къуръаналъул аятал. Дуда рещтIинабураб кинабго хIукму ва хабар хIакъаб жо буго МухIаммад ﷺ. Гьедин бугониги гIемерисел гIадамал Къуръаналда иман лъоларел руго.**

**2. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго кинабго махлукъаталъул бетIергьан, жинца зобал тIаде рорхарав, щибго хIуби гьечIого ва цогидаб жиб бихьулеб зобал ккураб жоги гьечIого. *Цинги жиеца гIарщалда истиваъ гьабурав.* Зобалазда бугеб бакъ-моцIги жинца квегъарав. Щибаб цояб хьвадулеб букIуна жиндир заманаялда рекъон, жиндирго нухалдаса. Кинабго халкъалъул умуразул тадбир гьабулев вуго Аллагь (عز وجل). ГIакълу бугел, жо бичIчIулел гIадамазе гIемер батIи-батIиял гIаламатал ва хIикматал рихьизарулев ва гьел баян гьарулев вуго, нужеца Аллагьасде (عز وجل) иман лъезе бокьун ва нужее якъинго лъазеги бокьун ахираталда гьесда дандчIвазе рукIин.**


**3. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан, жинца гьаб ракь битIизабун гIодоб лъурав нужее маслахIаталъе. Гьединго гьеб ракьалда тIад рорхатал мугIрудги гьарурав, чIахIиял, лъим гIемерал гIорал-лъаралги гьарурав. Кинабниги пихъал ва мугьал ругеб жо кIирекъарабги гьабуна ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل). Жинца сордоялдалъун къо бахчизабулевги вуго Аллагь (عز وجل). Гьел рехсарал жалазулъ** ва гьанир рехсечIел гIемерал махлукъатазулъ **Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда, гьев Халикъ вукIиналда, гьесул къудрат гуч бергьараб букIиналда тIоритIел гьубулел гIаламатал ва хIужабиги руго, жидеца пикру гьабулел гIадамазе.**

**4. Ракьул гьумералдаги руго батIи-батIиял къотIелал, цоцада аскIор цун ругел, цоязда тIад ах-хур бижулел, цогиялда тIад щибго жо бижулареб. Бечедал, гванзал ахалги руго цIолбол гьабуялъул ва цогидал пихъазул. Хурзалги руго, чамастакил ахалги руго. ЦохIого кьибилалда тIад кIиго-лъабго гъветIги бижула, цохIо гъветI бижунги букIуна.**

**Гьаб кинабго ах-хур цохIо ракьалда бижула ва цохIо лъималдалъун лъалъала, амма щибаб пихъ цояб цоялдаса батIияб букIуна жиндир тIагIамалъул рахъалъан.** ЦохIо пихъги жиндир тIагIам, кIодолъи-гьитIинлъи батIияб букIуна. ЦохIо тIоралда тIад рижарал мугьалги жидер кьер, сипат, гьитIинлъи-кIодолъи батIиял рукIуна. **Гьаб рехсараб жоялъулъ гьеб кинабго жо бижулев, гьалъул тадбир гьабулев Халикъ вукIиналде тIоритIел гьабулел гIаламатал руго жидеца пикру гьабулел гIадамазе.**

ТIабигIат буго жинцаго жо бижулеб, тIабигIаталъул хис-басалдалъун букIуна дунялалда лъугьунел ахIвал-хIалал абун гьеб тIабигIат цебе гьабун, гьеб алагьлъун чIезе гьабурал гIадамазда данде рачунел далилал ва мисалал руго гьал: цохIо лъималдалъун лъалъараб цохIого ракьалдаса къватIибе чанго батIияб жо бижин бицун. ЦохIо кьибилалда тIад цохIо мугьалдаса, яги цохIо гагаялдасан бижараб жоги жиндир тIагIам, кьер, махI, сипат батIияб букIунеблъи бицун. Гьединго цоцазда цун бугеб ракь чанго батIияб хIалалъул букIин бицун.

**5. Мун щиб жоялда гIажаиблъун ватаниги МухIаммад ﷺ, гьелдасаги гIажаибаб жо буго капурзабаца абулеб рагIи: ниж хун ва ракьлъун лъугьун хадур чIагойищ гьарулел?-абун.** Гьеб ццебе бицараб хIалалъ зобал-ракьал рижарав Аллагьасда (عز وجل) хун хадур чIаго гьаризе кIоларин аби гIажаибаб рагIи буго. **Гьел руго жидеца БетIергьанасда инкар кколел гIадамал. Гьел руго къиямасеб къоялъ жидер горбода гудрал ва рахсал ран рукIунел гIадамалги. Гьеднго гьел руго жужахIалъул бетIергьабилъун рукIунел, даимго рукIинелъун жал гьенире лъугьинарулелги.**




**6. Маккаялъул мушриказ дудаса тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, дуца жидее хIинкъи кьолеб гIазаб бачун вачIа мун абун. Гьез квешлъи ццебе ккезабулеб буго лъикIаб гIамалалдаса. Гьезда ццерехун рукIарал умматазе гьабураб гIазабалъул мисалал гIемерал руго. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго, МухIаммад ﷺ, кигIанго гIадамаз зулму гьабулеб бугониги, гьезда гурхIун, гьезие гIакъуба хех гьабуларев. Гьединго дур БетIергьан Аллагь вуго, МухIаммад ﷺ, жинца тавбу гьабичIев, куфру-ширкалда ва гIасиялъиялда чIчIарав чиясе цIакъ къвакIараб гIакъуба-гIазаб гьабулев.**

**7. Аллагьасде (عز وجل) инкар ккурал, аварагасда нахърилъунарел гIадамаз абулеб буго гьев МухIамадида цо мугIжизат рещтIунебани, гьев хIакъав авараг вукIин жинца бицунеб» - абун. Мун МухIаммад ﷺ, гьеб къавмалъе хIинкъи кьолев авараг вуго ва щибаб къавмалдаги витIун вукIана гьел Аллагь (عز وجل) цо гьавиялде ва битIараб диналде тIоритIулев авараг.** МугIжизатал рещтIинги ва цогидаб амруги Аллагьасда кодоб буго.

**8. ТIадегIанав Алллагь вуго жинда лъалев щибаб цIуяб жоялъул рахIмоялда (матка) жаниб бугеб тIинчI ва лъимер кинаб бугеб. Жиб гьабизе мех щвечIого рахIмоялдаса къватIибе бачIунеб жоги лъала Аллагьасда (عز وجل), гьениб жаниб гьабизе мех щун хадуб хутIулеб жоги лъала. Кинабго жоялъе Аллагьас (عز وجل) бихьизе гьабураб заман ва къадар буго.**

**9. Нилъее бихьиялдаса ва лъаялдаса рикIкIадаб (гъаибаб) жоги лъала Аллагьасда (عز وجل) ва нилъеда бихьулеб, лъалеб жоги лъала. Кинабго жоялдаса жиндир гьунар-къуват кIудияв, жиндир ханлъиялдалъун ва ихтияраздалъун кинабго жоялда тIад вугев вуго Аллагь (عز وجل).**

**I0. Аллагьасул (عز وجل) гIелмуялъулъ цого хIалалъ вуго нужедаса балъго, щурун жинца жо бицарав чиги, рагIинабун, тIатун жо бицарав чиги.** Жеги нужеца бицинчIеб, нужер рекIелъ бугеб жоги лъала Аллагьасда. **Гьединго Аллагьасул (عز وجل) лъаялъулъ цо хIалалъ вуго бецIаб сардилъ гIадамаздаса балъго гIамал гьабулев чи:** лъикIаб букIа гьеб гIамал, яги квешаб букIа. **Къад гIадамазда гьоркьов хьвадулевлъун вукIун жинца гIамал гьабурав чиги.**


**II. Гьев инсанасеги руго цояз цоялал хисулел, цояв нахъе инелдего цогидав вачIун аскIов чIун рукIунел малаикзаби. Гьел малаикзаби жидеца гьев инсан Аллагьасул амруялдалъун ццересан рачIун, нахъасан рачIун, хьолбодасан рачIун цIунулел руго. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) халкъалда бугеб лъикIабниги квешабниги хIал хисизабуларо, гьеб халкъалъ жидецаго жидер хIал хисизабун гурони. ТIадегIанав Аллагьасе бокьараб мехалъ цо квешаб къавмалъе гIазаб гьабизе, гьеб гIазаб нахъчIвалев щивго чи вукIунаро. Гьеб къавмалъе цоги Вали ва Насир вукIунаро цохIо Аллагь гурев.**

**I2. Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан, нужеда зодисан паркъун унеб пири бихьизабулев, накIкIал цоцалъ журан, гьел данделъун цIад баялде гIагарлъулеб мехалъ. Гьеб пири паркъиялъул нужее хIинкъиги букIуна, ва нужер хьул лъейги букIуна:** зоб гъугъан, пири пирхун накIкIал данделъараб мехалъ нужее лъикIаб цIад бала абун. **Аллагьас (عز وجل) данде гьарула зобалазда лъел цIурал, бакIал накIкIал.**

**I3. Аллагьа (عز وجل) вацIцIад гьавун, гьесие рецц гьабун зодил гъугъайги бахъуна.** Аллагь вацIцIад гьавула гьел накIкIаз, гьесие рецц гьабиялда хурхун бугеб хIалалъ гьезул тасбихI. **Ва малаикзабазги тасбихI гьабула Аллагь вацIцIад гьавун ва гьесул гIазабалдаса хIинкъун.**

Зодил гъугъай Аллагьасе тасбихI гьабулеб гьаракь букIиналда нилълъ божизе кколеб, нилъеца иман лъезе тIадаб жо буго. ТIадегIанав Аллагьасул ргIи буго: «Зобал-ракьазда жаниб щибго жо гьечIо жинца Аллагьасе тасбихI гьабулеб букIун гурони» - абураб. Нилъеда гьеб тасбихI ргIуларо ва бичIчIунаро ва амма тасбихI гьабулеб букIин хIакъаб жо буго.

**Аллагьас зодисан пири речIуна ва гьеб пири щола Аллагьасе жиб щвезе бокьараб жоялда:**




гIадамазда женазда, рухI гьечIеб жоялдаги. **Гьел мушрикал Аллагьасул хIакъалъулъ гаргадулел руго, Аллагьги жинца гIакъуба-гIазаб гьабулезул бищун гучав вукIинги цадахъ.**

**I4. ЦохIо Аллагьасе буго хIакъикъияб гIибадат гьаби. Аллагьасе гIибидат гьабиги тун мушриказ жидее гIибадат гьабулел алагьзаби щибго гьезие кумек гьабуларел ва гьезул ахIиялъе жаваб кьоларел руго. Хъанчазе лагълъи гьабиялъулъ мушриказул мисал буго: рикIкIад бугеб лъималдехун квералги ритIун гьелда ахIи балел гIадамазул мисал:** мун нижер кIалдиб бачIа ниж къечон руго абун, **ва гьеб кидаго жибго бачIун гьезул кIалдибеги лъугьунаро. Гьал капурзабазул гIибадат ва гьазул хъанчазда ахIи бай гIадада хвараб, хIакъаб нухдаса къосун ккараб иш буго.**

**I5. Зобал-ракьазда жаниб ва гьоркьоб бугеб кинабго жо буго жинца Аллагьасе мукIурлъун, яги бокьичIого сужда гьабулеблъун.** Аллагьасе (**عز وجل**) мутIигIлъун, гьев вокьун, гьабула муъминзабаца сужда. Жидер чара хвараб, рес къотIараб бакIалде ккараб мехалъ капурзабазги сужда гьабула. **ГIадамазул ргIадалги радал бакъанида Аллагьасе (عز وجل) сужда гьабулел руго.**


**I6. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ, гьаб кинабго зоб-ракьалъул БетIергьан щив вугев - абун. Гьез дуе жаваб гьабичIони дуца абе: Аллагь (عز وجل) вуго гьелъул БетIергьан абун. Цоги дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: нужеца гьев Аллагьги живго тун цоги вализаби (гьудулзабийищха) кколел жидеда мугъчIвай гьабулел ва жидеда ахIи балел. Гьел вализабаз жидерго напсазе щибго мунпагIат яги заралги гьабуларел. Цоги дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, нужеца бице, беццав чиги канлъи бихьулев чиги цохIо даражаялда вукIунищ, яги бакъул канлъиги сардил бецIлъиги цохIо къадруялда букIунищ? Яги гьел капурзабаца Алагьасе (عز وجل) гIахьалчагIийищ гьарулел ругел, гьес бижараб гIадин жидецаги жо бижулел? Ахиралдаги дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, жинца кинабго жо бижулев цохIо Аллагь (عز وجل) вуго. Кинабго**

**жоялда хIалкIолев, кинабго жоялда жиндир гуч бергьарав ва кинабго жоялда къуваталдалъун тIадегIанлъарав вуго гьев Аллагь (عز وجل).**

**I7. ТIадегIанав Аллагьас зодисан цIад рещтIинабуна. Гьеб цIадал лъималъул иххал-лъарал лъугьун кIкIалабахъан лъим чвахана. ГьитIинал кIкIалабахъан дагьаб чвахана, кIудиязухъан гIемераб чвахана. Цинги гьеб лъималъ ракьалда тIад букIараб кинабго чороклъи бакIарун нахъе ана.** Гьеб мисал буго хIакъабги батIулабги жоялъе бачараб. ХIакъаб жо буго цIадал лъималда релълъараб: жинца ракьалъе пайдаги гьабулеб ва гьелда тIад бугеб чороклъиги нахъе инабулеб. Гьеб цIадал лъималъ бакIарун унеб рищни-къулалда релълъараб жо буго батIулаб жо, жиб цо бакIалда чIолареб ва жиндаса щибго мунпагIат гьечIеб.

**ГIадамаз цIадаб лъун биинабун жиндаса цIарагIи ва курхьин кIиликI гьабулеб гIарац-меседалдаги, тути, пахь, маххалда тIадги букIуна гьединабго чороклъи, цIаялъ жиб батIа гьабулеб.** Гьаб цоги мисал буго хIакъаб ва батIулаб жоялъе бачараб. **Гьадин Аллагьас мисал бачун баян гьабула хIакъабги батIулабги жо. ЦIаялъ ва лъималъ батIа гьабураб полоп ва чороклъи лъималъ бачун нахъе уна ва рахъ-рахъалде рехун кибе араб лъачIого тIагIуна. ГIадамазе жинца мунпагIат гьабулеб жо ракьалда тIад чIола ва ракьалда жанибги чIола. Гьедин Аллагьас мисал бачуна гIадамазда жо бичIчIизе ва гьез мунпагIат босизе.**

**I8. Аллагьасул расулас диналде ахIараб мехалъ гьев расуласе жаваб кьун жидеца иман лъурал** муъминзабазе**, ахираталда алжан ва Аллагь разилъи буго. Жидеца иман лъечIел, Аллагьасде ахIулев расуласе жавабги кьечIел капурзаби ахираталде щвараб мехалъ** ва гьениб жидее бугеб гIазаб-къварилъиги бихьараб мехалъ, **гьаб дунялалда бугебщинаб бечелъиги кьун ва цоги гьедигIанаб бечелъи бугониги гьебги кьун, жидеца гьеб гIазабалдаса хвасарлъи тIалаб гьабизе буго. Гьел гIадамал руго жидер хIисаб-мизан квешаб букIине бугел ва жидер руссунеб бакIги жужахI букIине бугел. ЦIакъ квешаб бусен ва цIакъ квешаб руссунеб бакI буго гьеб жужахI.**




**I9. Аллагьас (عز وجل) дуде рещтIинабураб Къуръаналде иман лъун, жинда гьеб хIакъаб жо букIин лъан бугев чиги, гьелда иман лъечIого беццав чи гIадин нух бихьуларого вугев чиги ращад рукIинищха?** ВукIунаро гьев кIиго чи ващад. **Гьаб Къуръаналъул вагIза босула ва гьелъул пайда лъугьула жидер гIакълу бугел ва гьеб гIакълу битIун хIалтIизабулел гIадамазе.**

**20. Аллагьасе гьабураб къотIи тIубазабулел руго муъминзаби ва гIакълудал бетIергьаби. Гьединго Аллагьасе (عز وجل) ва гIадамазе гьабураб божилъиги биххизабуларел.**

**2I. Аллагьас жидеде амру гьабураб хIалалъ гIагарлъиялда гьоркьоб гурхIел-рахIмуги гьабулел. БетIергьанасдасаги хIинкъулел,** гьесул амру тезе ва гьесде гIасилъизе. **Ахираталда квешаб хIисаб-мизан ккеялдасаги хIинкъулел.**

**22. Аллагь разилъи тIалаб гьабун жидеде рачIарал къварилъаби хIехьон сабру гьабулел. Жидер гIорхъаби цIунун ва хIукъукъал тIуран паризояб какги балел. Дица жидее кьураб хIалалаб бацIцIадаб ризкъиялдаса напакъаги кьолел.** Паризояб закат ва суннатаб садакъаги кьолел. **Гьеб садакъа ва напакъа балъго ва загьирго кьолел. Жидеца лъикIаб жоялдалъун квешаб жо нахъчIвалел. Гьел гIадамал руго жидее лъикIаб ахират бугел**

**23. Даимго жидеда жанир чIолел нигIматазул алжанал руго гьел. Гьел лъикIал гIадамал лъугьуна алжаназда жанире ва гьелгун цадахъ жидеца лъикIаб гIамал гьабурал гьезул умумул, рос-лъадиял ва лъималги лъугьуна. Цинги гьел муъминзабазда тIад алжаналда жанире малаикзабиги лъугьуна щибаб рагьдухъан.**


**24. ва жидеца гьезие салам кьун кIодолъи гьабула ва гьезда абула: «Гьанже нужее саламатлъи ва парахалъи буго дунялалда нужеца Аллагьасул (عز وجل) диналда чIун сабру гьабиялде данде. Гьаб буго цIакъ лъикIаб ахират ва лъикIаб руссунеб бакI» - абун.**

**25. Аллагьас къотIи босун хадуб жидеца Аллагьасе гьабураб къотIи хвезабулел, Аллагьас гIагарлъиялда гьоркьоб гурхIел-рахIму гьабе абураб мехалъ жидеца гьеб гурхIел-рахIму гьабуларел ва гIагарлъиялъе къварилъи гьабулел. Жидеца ракьалда тIад пасалъабиги гьарулел: Гьал гIадамал руго жидеда Аллагьасул лагIнат бугел. Гьазие ахираталда буго цIакъ квешаб рукъ.**

**26. Жиндир хIикматалда ва маслахIаталда рекъон Аллагьас (عز وجل) жиндир ризкъи цо гIадамазе гIатIид гьабун, гIемер гьабун кьола, цоги гIадамазе дагьаб кьун тола. Аллагьасде инкар ккурал, жидеца ширк гьабурал гIадамал дунялалъул магIишаталдаса роххун рукIуна. Ахираталде данде ккураб мехалъ ва алжаналъул нигIматазул хIисабги гьабураб мехалъ, цIакъго хIакъираб жо буго гьаб дунялалъул чIаголъи ва бечелъи.**

**27. Аллагьасда инкар ккун, гьесул расуласе мутIигIлъичIого хьвадулел капурзабаца абулеб буго: «Гьав МухIамадида жиндир БетIергьанасул рахъалъан цо мугIжизат рещтIулебани, цересел аварагзабазде рещтIараб гIадин» - абун. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: «Аллагьас жиндие бокьарав чи къосине гьавула хIакъаб нухалдаса.** КигIан кIудияб мугIжизат бихьаниги гьес иманги лъоларо**. Жидер квешаб гIамал тун, иман лъун, аварагасда нахърилълъарал гIадамал Аллагьас (عز وجل) хIакъаб диналда тIоритIула» - абун.**

**28. Жидее ахираталда алжан бугел муъминзаби руго жидеца мугIжизатал тIалаб гьаричIого Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал, цинги гьев рехсеялдалъун жидер ракIалги хIалхьолел. Нуж кантIе, я гьал гIадамал, Аллагь даимго рекIелъ вукIиналъ, гьев цохIогояв, жиндие лагъалъи гьабизе хIакъав МагIбуд вукIин лъаялъ, ракIал цIакъ парахат гьарула.**




**29. Жидеца иманги лъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе дунялалъул рукъобго лъикIлъи буго:** жал хIакъаб нухда рукIин лъан ракI парахалъи. **Ахираталдаги гьезул берцинаб руссунеб бакI буго.**

**30. Дуда цересел умматазда аварагзаби ритIун рукIараб гIадин, гьаб умматалде мун аваралъун витIана, МухIаммад ﷺ. Гьаб дур умматалдаса цере гIемер умматал рукIана. Гьел киналго церехун ана ва гьезул заманги лъугьана. Дуца гьеб умматалъе гьаб хирияб Къуръан цIализе ва бицине. Кинабго жоялда жиндир рахIмат гIамлъарав Аллагьасде (عز وجل) инкар ккун чIун руго Маккаялъул мушрикал. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, гьев РахIман абун жиндир цIар бугев Аллагь вуго дир БетIергьан, жив гурев цоги Аллагь гьечIев вуго гьев. Дица гьесде буго тавакал тIамун ва дир вуссинги, рекIелгъейги, хьул лъейги гьесде буго.**

**31. ТIадегIавна Аллагьас (عز وجل) зодиса рещтIинарурал тIахьазул цониги тIехь букIарабани гьеб цIалараб мехалъ жидер бакIалдаса рагъарун мугIрул цоги бакIалде унеблъун, яги ракь бихъун, хъвалхьун унеблъун, яги хварал гIадамазе цIалараб мехалъ Аллагьас (عز وجل) гьел чIаго гьарун жаваб кьезе риччалеблъун.**


**Гьединал гIаламатал рихьаниги Маккаялъул мушриказ гьелда иманги лъезе букIинчIо. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго кинабго амруялъул бетIергьан. Муъминзабазда бичIчIизе мех щун гьечIищ ва гьез хьул къотIизе гьабуларищ «киналго гIадамаз иман лъолебанищ абураб» рагIиялдаса? Аллагьасе (عز وجل) бокьарабани жинца киналго гIадамал иман лъураллъун**

**гьарилаан. Гьал Маккаялъул капурзабазда рачIунел къварилъаби тIаса ине гьечIо гьезул куфру-ширк сабаблъун ва гьез аварагасеги муъминзабазеги гIакъуба-гIазаб гьаби сабаблъун. Яги гьезда сверухълъиялда балагьал щун гьелдалъун хIинкъизаризе руго, гьаб исламияб дин загьирлъизегIан ва Макка шагьарги бахъун гьел мушриказда тIад бергьенлъи босизегIан. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца гьабураб къотIиялъе хилиплъуларев вуго.**

**32. Дуда церехун рукIарал аварагзабиги къварид гьаруна жидер умматазул капурзабаца. Дица гьел капурзаби цодагьаб мехалъ нахърахъун тун рукIуна гIазаб гьабичIого. Ва амма дица гьезие гIакъуба гьабураб мехалъ цIакъ квешаб къо букIунаха гьезда. Гьезул купруялда ва аварагзаби гьереси гьариялда рекъараб гIазаб гьабичIищха дица!**

**33. Жинда щибаб напсалъ гьабулеб гIамалги бихьулев, гьелъул тадбир гьабулев ва хъаравуллъи гьабулев, ТIадегIанав Аллагь релъдъун вукIунищ,** щибго жоялда гьунар гьечIел, мушриказ жидерго квераз гьарурал аллагьзабазда? **Гьез аллагьзаби гьарун руго Аллагьасе (عز وجل) гьабизе тIадаб гIибадаталъулъ гьел гIахьал гьарун ширк гьабулеллъун. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: нижеда гьел алагьзабазул гьунарал ва сипатал рицеха-абун. Яги мушрикаца Аллагьасда бицинехъинищ бугеб гьаб ракьалда тIад Аллагьасе (عز وجل) лъаларел цогиги аллагьзаби руго абун. Яги нужерго ахIмакълъиялъ щибго жоялда ургьичIого гьел хъанчал аллагьзабилъун гьаруниш ругел нужеца? Капурал гIадамазе гьаб ахIмакъаб иш щайтIаналъ берцин бихьизабун буго ва жинца гьел битIараб нух бихьизего течIого гьелдаса нахъе чIван руго. Аллагьас (عز وجل) хIакъаб диналдаса ва битIараб нухдаса къосинавурав чи тIовитIизе кIолев цоги щивго вукIунаро.**

**34. Гьал инкарчагIазе ва мушриказе дунялалъул рукъобги гIазаб гьабизе буго:** гьел чIван, асир гьарун, гьезул мулк гъанимат (давла) гьабун**. Ва амма ахираталъул гIазаб цIакъго захIматаб бугоха. Гьеб гIазаб гьабизе Аллагьасе бокьараб мехалъ гьелдасан гьел цIунулев щивго чи вукIунаро.** Гьезул хъанчалги, алагьзабиги гьездасанги цере жужахIалъуре ккола, цинги киналго цадахъ жидер чурхдуздалъун жужахI боркьулеб алатлъун рукIуна.




**35. Аллагьасдаса хIинкъун гьесие гIибадат гьабурал гIадамазе гьес къотIи гьабураб алжаналъул мисал жинда жаниса гIорал чвахулел ахазул мисал буго. Жиндир пихъал ва нигIматал даимал ва жидер ргIадалги даимал. Гьаб буго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал гIадамазе бугеб лъикIаб ахират. Гьесде инкар ккурал гIадамазе бугеб ахират жужахIалъул цIа буго.**

**36. Жидехъе тIехь кьурал гIадамазул муъминзаби роххун руго мун авараг вукIиналдаса ва духъе рещтIинабураб Къуръаналдасаги. Цогидал диназул къокъаби руго исламияб диналъул жидее бокьулареб жоялда жидеца инкар кколел. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: хIакълъунго дида амру гьабун буго дица цохIо Аллагьасе лагьлъи гьабе абун ва щибго жо гьеб лагьлъи гьабиялъулъ гIахьалги гьабуге абун. Дица нужги Аллагь (عز وجل) цо гьавиялде ва гьесие гIибадат гьабиялде ахIулел руго ва ахираб руссинги гьесде буго.**

**37. Цересел умматазде тIахьал рещтIинарурал гIадин, дица гьаб Къуръанги рещтIине гьабуна гIараб мацIалда. Дуца гIараб мацI лъалел гIадамазда гьоркьоб гьелдалъун хIукму гьабизе. Гьаб Къуръан рещтIинабун, хIакъаб жо дуда лъан хадуб мун гьел мушриказе бокьараб жоялда нахъвилъльани, мун Аллагьасул цIим бахъиналдаса ва гьесул гIазабалдаса цIунизе кIолев цониги чи ва вали вукIине гьечIо.**

**38. Дица дуда цереги аварагзаби ритIана, МухIаммад, ва гьел киназулго руччабиги рукIана, лъимал-хъизанги букIана.** Мушриказ абуна: «гьев МухIаммад ﷺ хIакъав авараг вукIаравани, гьев

руччаби рачунев вукIинароан, жиндирго диналъул ургъалида вукIинаан. Дунялалъул тIалаб гьабичIого, руччаби рачинчIого, лъимал гьаричIого вукIинаан»- абун. Гьеб ргIи нахъчIван Аллагьас (عز وجل) абулеб буго МухIаммадги гIадан вугелъул, цогидал гIадамазда релълъарав, ццересел аварагзабиги гьединалго гIадамал рукIана. Авараб вуго абун гьев чи дунялалъул гIадат билъларав жо гьабичIого ворчIунаро: квенги кваналев, базаралдеги вахъунев, руччабиги рачунев вукIуна аварагги абун.

**Цониги аварагасе ихтияр ва гьунар букIунаро жинца мугIжизат бихьизе гьабизе, Аллагьас (عز وجل) изну кьун гурони. Щибаб ишалъе Аллагьас бихьизабураб заман ва къадар буго.** Гьелда рекъон хьвадула дунялалъул умурал. Аллагьасда инкар ккурал гIадамазе бокьухъин хьвадуларо.

**39. ТIадегIанав Аллагьас жиндие бокьараб хIукму хвезе гьабула ва жиндие бокьараб хIукму чIезе гьабула (букIухъин тола). Кинабго жоялъул хIукму-къадар хъвараб тIехьги Аллагьасда (عز وجل) аскIоб буго.** Гьебги ЛавхIулмахIпуз абун жинда цIар бугеб, гьаб дунял бижилелде ццебе Аллагьас бижараб ва кинабго жо жинда тIад хъван бугеб тIехь буго.


Гьаб аяталъул магIна гьабулаго гIалимзабазул гIемераб хилап буго ва бахIсги буго. Нилъеда тIадаб жо буго Аллагьас (عز وجل) абухъин гьаб аятги цIалун гьалъул хIакъикъияб магIна Аллагьасда лъалин абун хабар халат гьабичIого тей.

**40. Муширказе къотIи гьабураб гIазабалъул цо бутIа гьезде щвезабун дуда бихьизабуниги, МухIаммад ﷺ, яги гьеб бихьилелде ццеве мун хвезе гьавуниги,- дуда тIад бугеб жо гьезухъе Къуръанги исламияб динги щвезаби буго. Дида тIад буго гьезие хIисаб гьаби ва жаза гьаби.**

**4I. Гьел капурзабазда бихьулеб гьечIищ дица гьезул ракьазда сверухъ лъугьун гьел нукъсан гьарулел ругеблъи. Жинца хIукму гьабулев чи цохIо Аллагь (عز وجل) вуго, гьесул хIукму хвезабизе кIолев щивго гьечIо. Гьев Аллагь вуго жинца хIисаб-мизан цIакъ хех гьабулев.**

**42. Гьал Маккаялъул мушриказ дуе макру гьабулеб бугеб гIадин, гьезда ццере рукIарал инкарчагIацаги аварагзабазе макру гьабуна. Амма щиб макру гьабуниги гьезда кIоларо дуе зарал гьабизе. ТIадегIанав Аллагьасул ихтияралда руго киналго макруялъул сабабал.** Гьезда ракIалдаго гьечIого Аллагьас (عز وجل) гьезда цо гIазаб рещтIинабила. **Щибаб напсалъ гьабулеб гIамал лъалев вуго Аллагь. Гьал капурал гIадамазда нахъа лъазе буго хIакъаб жоялда щал ругеб ва лъикIаб ахиратги лъие бугеб.**

**43. Капурзабаца абулеб буго, МухIаммад ﷺ, мун расул гьечIо абун. Дуца гьезда абе: «ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гIезе вуго нугIлъун дидаги нужедаги гьоркьоб бугеб жоялъе. Гьес буго дида Къуръан рещтIинабун ва гьес кьун руго дие иман лъезе бокьарав чиясе гIибрат босизе гIурал мугIжизатал. Гьединго дие нугIлъи гьабулеб буго жидехъе тIахьал рещтIинарурал умматазул гIалимзабазги.** Гьел ругелъул жидеда хIакъаб жо лъалел гIадамал. Къуръаналъул магIна жидеда бичIчIарал, гьеб Аллагьасул (عز وجل) калам букIиналда ракI чIчIарал муъминзабацаги» - абун.


الجزء الثالث عشر سورة إبراهيم
وَيَقُولُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ لَسْتَ مُرْسَلًا ۚ قُلْ كَفَىٰ بِٱللَّهِ شَهِيدًۢا
بَيْنِى وَبَيْنَكُمْ وَمَنْ عِندَهُۥ عِلْمُ ٱلْكِتَٰبِ ﴿٤٣﴾
سورة إبراهيم
بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ
الٓر ۚ كِتَٰبٌ أَنزَلْنَٰهُ إِلَيْكَ لِتُخْرِجَ ٱلنَّاسَ مِنَ ٱلظُّلُمَٰتِ
إِلَى ٱلنُّورِ بِإِذْنِ رَبِّهِمْ إِلَىٰ صِرَٰطِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَمِيدِ ﴿١﴾
ٱللَّهِ ٱلَّذِى لَهُۥ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَا فِى ٱلْأَرْضِ ۗ وَوَيْلٌ
لِّلْكَٰفِرِينَ مِنْ عَذَابٍ شَدِيدٍ ﴿٢﴾ ٱلَّذِينَ يَسْتَحِبُّونَ
ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا عَلَى ٱلْءَاخِرَةِ وَيَصُدُّونَ عَن سَبِيلِ
ٱللَّهِ وَيَبْغُونَهَا عِوَجًا ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ فِى ضَلَٰلٍۭ بَعِيدٍ ﴿٣﴾ وَمَآ
أَرْسَلْنَا مِن رَّسُولٍ إِلَّا بِلِسَانِ قَوْمِهِۦ لِيُبَيِّنَ لَهُمْ ۖ
فَيُضِلُّ ٱللَّهُ مَن يَشَآءُ وَيَهْدِى مَن يَشَآءُ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ
ٱلْحَكِيمُ ﴿٤﴾ وَلَقَدْ أَرْسَلْنَا مُوسَىٰ بِـَٔايَٰتِنَآ أَنْ أَخْرِجْ
قَوْمَكَ مِنَ ٱلظُّلُمَٰتِ إِلَى ٱلنُّورِ وَذَكِّرْهُم بِأَيَّىٰمِ
ٱللَّهِ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّكُلِّ صَبَّارٍ شَكُورٍ ﴿٥﴾
٢٥٥

Аллагьасул тавпикъалдалъун Сурату-РагIдалъул тафсирва таржама хъван тIубана.

### I4. Сурату Ибрагьим

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда анцIила кIиго аят бугеб.

**I. Алиф, Лам, Ра.** Аллагьасда (**عز وجل**) лъала гьал хIуруфаздалъун бугеб мурад.

**Гьаб хирияб Къуръан дица дуде рещтIинабураб тIехь буго, МухIаммад ﷺ: Дуца гIадамал къватIире рахъизе купруялъул ва жагьлуялъул бецIлъиялдаса иманалъул, гIелмуялъул ва Аллагь (عز وجل) лъаялъул нуралда, Аллагьасул амруялдалъун ва изнуялдалъун. Дуца гьел битIараб нухда ва**

**исламияб диналда тIоритIизе. Жиндир гуч бергьарав ва жив вещцарав Аллагьасул (**عز وجل**) нухда,** жиндаса щивго бергьунарев, жиндие рецц гьаби кинабго махлукъаталда тIадав, гьеб рецц гьабиялъе агьлулъунги вугев Аллагьасул нухалда.

**2. Зобал-ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги жиндир мулклъун бугев Аллагь (**عز وجل**) вуго гьев. Гьесде инкар ккурал ва гьесда иман лъезе чIухIарал капурзабазе цIакъ квешаб гIазаб букIине буго жиб сабаблъун гьез вайлун (**вай дида бугеб захIмалъи) **абун ахIулеб.**

**3. Гьаб гIазаб хIакълъулел капурзаби руго жидеца абадияб ахираталдаса тIасса унеб дунялалъул чIаголъи тIасса бищун букIарал. Ва Аллагьасул хIакъаб дин гьабизе бокьарал гIадамал жидеца нахъги чIвалел рукIарал. Жидее бокьун букIарал напсазе бокьараб жо гьабизе ихтияр кьолеб, гьетIараб дин букIине. Гьал гIадамал руго хIакъаб жоялдаса цIакъ рикIкIад ругел, гьел битIараб диналде рачIиналде хьулги гьечIел.**

**4. Дица** ццересел къавмаздеги **цониги авараг витIичIо, гьав расул витIараб къавмалъул мацI бицунев гурони. Жинца гьезда дир рисалат баян гьабизе ва дир динги бичIчIизабизе.** Расул витIиялдаса мурад къавмалда рисалат баян гьаби бугелъул, гьев расул вукIине ккола жив витIараб къавмалда жинца бицунеб мацI лъалев. **Аллагьас жиндир азалияб гIелмуялъулъго къосаравлъун вугев чи къосунги тола ва тIовитIаравлъун вугев чи хIакъаб диналдаги тIовитIула. Гьев Аллагь жиндир мулкалъулъ къуват-гуч бергьарав вуго ва жинца гьабулеб хIукмуялъулъ гIадилав ва хIакимияв вуго.**


**5. ХIакълъунго дица Муса (гIв) авараг витIана дир баянал хIужабаздалъун ва мухIканал мугIжизатаздалъун дуца дур къавм бахъинабеян абун куфру-ширкалъул бецIлъиялдаса иманалъул ва Аллагь (**عز وجل**) лъаялъул нуралде. Ва дуца гьезие вагIзаги гьабеян Аллагьас жидее кьурал нигIматал рицун. Аллагьасул нигIматал ракIалде щвеялъулъ ва гьезул пикру гьабиялъулъ далил букIуна Аллагь лъаялъе ва гьесие гIибадат гьабиялъе, гьесул нигIматазе щукру гьабулел, балагьазде сабруги гьабулел гIадамазе.**

---

ИбнугIабасидаса (ра) хIадис бицана:

***Бичасул Расулас ﷺ абуна: «Аллагьас инсанасе кьураб кIиго нигIмат буго жиндалъун гIемерал гIадамал дармие къун ругеб (гуккун ругеб) сахлъи, ва регIун вукIин»-абун.***

Сахлъиги регIелги букIадго Аллагьу ТагIалаясе гIибадат гьабичIого чIчIарав чи цIакъ дармие къарав чиясда релъарав вуго. Нилъее кьураб нигIматалдаса пайда босине лъани ва нилъер сахлъиги, регIелги нилълъ жиндие гIоло рижараб Аллагьасе (عز وجل) тIагIат гьабиялде буссинабуни, нилълъ даран- базаралъулъ бергьараллъун рукIуна.




**6. Муса** (гIв) **аварагас къавмалда абураб гIуж рехсе, МухIаммад ﷺ, пиргIавнил къавмалдаса нужги хвасар гьарун Аллагьас (عز وجل) нужее гьабураб кIудияб нигIмат ракIалде щвезабеян абун. нужеда цIакъ квешаб гIазаб чIамизабулел рукIарал гьев пиргIавнги гьесул къавмги, нужер киналго васалги хъолел рукIарал, жидее лагьзаллъун рукIине нужер ясалги чIаго толел рукIарал. Гьеб ишалъулъги Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб хIалбихьи букIана нужее къварилъиги гьабун гьабулеб:** нужеца иман лъеладай абун, гьеб гIазаб тIаса босараб мехалъ нужеца щукруги гьабуладай абун.

Бануисраилазул васал хъвеялъе гIиллаги букIана къибтIиязул (пиргIавнил къавмалъул цIар буго къибтIиял) палихъабаца (гадальщики) гьесда абун букIана бануисраилазул лъимер букIине бугин дудаса ханлъи тIаса иналъе сабаб абун. Гьеб сабаблъун пиргIавница амру гьабун, гьезул гьабунщинаб бихьинаб лъимер хъолеб букIана.

**7. Гьединго Аллагьас нужеда лъазабураб гIужги ракIалде щвезе гьабе: Я бануисраилал, нужеца дир нигIматазе щукру гьабуни, дица гьел нигIматал жегиги гIемер кьела абун. Ва амма нужеца дир нигIматазде инкар ккуни,** нужеда гьел кIочани ва гьезде данде щукруги гьабичIони, **цинги нужее дица гьабулеб гIазаб цIакъ къвакIараб букIине буго» - абун.**

**8.** Бануисраилаз иман лъеялдаса хьул къотIараб мехалъ, **Мусаца (гIв) гьезда абуна: «Нужеца ва ракьалда тIад бугеб кинабго халкъалъги Аллагьасда инкар ккуниги, гьелдалъун нужеца гьесие щибго зарал гьабуларо. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жив бечедав ва вещцарав,** щибго жоялде хIажатав гьечIев вуго.

**9. Нужехъе хабар бачIинчIищ ва нужеда рагIинчIищ нужеда цере рукIарал НухIил, ГIадил ва Самудил къавмазул къисса.** Аллагьасде (عز وجل) гIасилъараб мехалъ гьезие гьабураб гIазаб лъалагурищ нужеда?. **Гьезда хадур рукIарал цогиги къавмалги гьалаг гьаруна Аллагьас, жидер рикIкIен гьесда гурони лъаларел.**

**Гьезухъе Аллагьасул (عز وجل) аварагзаби рачIана баянал хIужабиги росун,** мугIжизаталги рихьизаруна**. Гьел къавмазул инкарчагIаца аварагзабада ццим бахъун жидерго кверал хIанчIана ва гьел гьереси гьарун жидер кIалал рахчана:** гьезда тIад релъанхъана, гIемер релъанхъиялъ жидерго кIалал квералъ рахчулел рукIана. **Цинги гьез абуна: нижеца инкар кколеб буго нуж жиндалъун ритIараб Аллагь (عز وجل) цо гьавулеб диналда. Ва нижги цIакъ щаклъулел руго нужеца жинде ахIулеб дин хIакъаб букIиналда» - абун.**

**I0. Жидер умматазул капурал гIадамазда аварагзабаца абуна:** гьез иман лъезе инкар ккураб мехалъ ва ниж щаклъулел ругин нужеца бицунеб жоялдаян абураб мехалъ: **«Нуж щаклъулелищха ругел гьал зобалги ракьалги жинца рижарав Аллагь (عز وجل) вукIиналда, нуж иман лъеялда ахIулев ва гьелда данде нужер ццебехун араб гIумруялъулъ ккарал мунагьал чурулев ва нуж, гIазаб гьабичIогоги толев, нужер гIумру тIубазегIан иман лъун ругони»-абун.**

**Капурал гIадамаца абуна: «нуж гьечIо нижго гIадал гIадамал гурони. Нужее бокьун буго нижер умумуз гьабулеб букIараб диналдаса ниж руссинаризе. Ниж божуларо нуж аварагзаби рукIиналда. Нуж аварагзаби рукIиналда тIоритIел гьабулеб баянаб хIужа-далилгун рачIа нуж» - абун.**


==========

Жиндие алжаналъул рохел бицарав, СагIдо бину Абувакъасидаса (ра) хIадис бицана:

*ХIажатул-вадагI (къомелъмкI гьабулеб) абун цIар бугеб хIаж гьабулеб соналъ дун цIакъ унтун вукIана. Дида ваккине Авараг ﷺ вачIараб мехалъ дица гьесда абуна: «Я Расулаллагьи! Дуда вихьулев*

*вуго дун цIакъ унтун вукIин. Дир боцIи-мал буго ва цо яс гурони жинца дир ирс босулев чиги гьечIо. Дица дир магIишаталъул лъабго бутIа гьбун кIиго бутIа садакъаде кьелищ?»- абун. Аварагас ﷺ кьоге абуна. Бащадаб кьелищ абидалгоги кьоге абуна. Лъабго бутIа гьабун цо бутIа кьелищ абидалго кье абуна ва гьебги гIемер богоянги абуна.*

*Цингиги Хирияв Аварагас ﷺ абуна: «Дуца дур варисзаби бечедаллъун тейи лъикI буго дуе, гьел мискинал гьарун гIадамазда ццебе квер ккколеллъун гьарун дур магIишат садакъаде къеялдаса: Дуца дур хъизаналъул кIалдибе лъураб тIагIамги садакъа буго, Аллагь разилъи тIалаб гьабун кьураб бугони» - абун.*




**II. Аварагзабаз абуна: «**битIараб буго нужеца абулеб ргIи**. Нижги гьечIо нужедаго релълъарал гIадамал гурони. Киннигги Аллагьас (**عز وجل**) цIобрахIмат гьабула жиндие бокьарал гIадамазда гьезие авараглъи кьун. Нижее рес букIунаро нужее хIужадалил бачине Аллагьас изну кьун, гьес нижеда лъазабураб жо гурони. ТIадегIанав Аллагьасда (**عز وجل**) тавакал тIамун рукIа абе жидеца иман лъурал гIадамал» - абун.**

**I2. Гьев Аллагьасда тавакал тIамичIого кинха ниж рукIинел, жинца ниж хIакъаб диналде тIоритIарав. Нижеца цIакъ сабруги гьабила нуж Аллагьасул диналде ахIулаго нужеца гьабулеб къварилъиялда. ХIакълъунго цохIо Аллагьасде (**عز وجل**) тIаме абе тавакал, жидеца тавакал тIамулел гIадамаз.**

**I3. Цинги капурал гIадамаз аварагзабаде абуна: «Нижеца нуж нижеда гьоркьоса нахъе къотIила, яги нуж гьаб нижеца гьабулеб диналде русса» - абун. ТIадегIанав Аллагьас жиндир аварагзабада вахIю гьабуна дица гьеб зулму гьабулеб къавм гьалаг гьабун ракьалдаса тIагIинабила абун.**

**I4. Ва гьел гьалаг гьарун хадуб дица нуж тела гьезухъ букIараб ракьалда магIишат гьабун. Гьаб буго дица гьабулеб лъикIаб жаза дида ццере хIисабмизан гьабизе чIчIезе рукIин лъан мунагьал гьаризе хIинкъарал ва ахираталда гIазаб букIине буго абураб дир къотIиялда божун, гьеб гIазабалдасаги хIинкъарал муъминзабазе.**

**I5. Аварагзабаца (гIв) Аллагьасдаса (**عز وجل**) квербакъи тIалаб гьабуна. Цинги кинавго чIухIарав, Аллагьасде инкар ккурав чи жидер мурадазде щвечIого чIового хутIана.**


**I6. Гьаб дунялалда жидеда щвараб гIазабалда хадубги гьезие ахираталда жужахIалъул гIазаб букIине буго ва гьезда хьверд-рецIалъул лъимги гьекъезабизе буго.**

**I7. Жинца гьеб махI квешаб, ракI къалеб чороклъи гьекъезе абун лъугьуна капурчи:** къечалъ гьалаг гьавун, цIадул бухIи бергьун**, амма жинда гьеб къулчIизе кIоларо гьелъул къабихIлъиялъ ва махIциналъ. Гьесда сверун лъугьун хвелги букIуна киналго рахъаздаса, амма гьев холаро:** жиндие гIазаб гьабулевлъун даимлъула, хвеялъе сабабал ругониги хун хIалхьезе толаро. **Гьеб жинца чIамулеб гIазбалда хадубги гьесие жегиги квешаб ва къвакIараб гIазаб букIуна.**

**I8.** Аллагьасде инкар ккун, ахираталде иман лъечIого, дунялалъул чIаголъи тIаса бищун хьвадарал **капурзабазул мисал буго: гьез гьабураб лъикIаб гIамал,** садакъа бугониги, напакъа бугониги ва цоги щиб гIамал бугониги, **кутакаб гьури пулеб къоялъ гьороца босун унеб рахъу гIадаб жо буго.** Гьеб жидер гIамалалдаса ахираталда щибго мунпагIат букIунаро. Гьез иман лъун гьечIелъул ва гьеб гIамалги Аллагь (عز وجل) разилъиялъе гIоло гьабун гьечIелъул. Гьороца унеб рахъу данде гьабизе ва ккквезе кIолареб гIадин, **жиндир гIамалалъул щибго жо гьесда кодобе щоларо ахираталда хIисабмизан гьабулеб къоялъ. Гьеб буго инсанасул Аллагьасул рахIматалдаса рикIкIалъи, унгоунгояб къосин ва чIового хутIи.**

Аллагьасе (عز وجل) лагълъи гьабиялъул магIна буго гьев Аллагь мун вижарав, мун хьихьулев, мун хвезавулев ва ахир тIаде вахъинавулев, дур напсалъул кинабго тадбир жинда кодоб бугев БетIергьан

вукIин лъай. Гьаб жо лъан хадуб гьабулеб кинабго гIамал Аллагьасул (عز وجل) расулас ﷺ малъухъин гьаби. Аллагьас аварагзаби ритIичIого гIадамал тун рукIаралани нужеего лъикI букIунеб жо гьабеян абун, гьезда лъазе букIинчIо жидее хIакъикъаталдаги лъикI букIунеб жо. Цоясе лъикIаблъун бихьараб жо цогидасда квешаблъун бихьизе букIана. Гьеб иш гьедин букIиналъе загьираб ва баянаб мисал буго дунялалда тIад чан хан вугониги щивав ханасул къанун батIи-батIияб букIин. Щибаб халкъалъул гIадатал ва гьез лъикIаллъун ва къабихIаллъун рикIкIулел жалги батIи-батIиял рукIин. Гьаб ишкал тIаса инабун тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) аварагзаби ритIун щибаб заманаялъ щибаб къавмалда гьезие маслахIатаб жо лъазабун буго.




**I9. Дуда бихьуларищ, я гьав инсан, ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIин жинца зобалги ракьалги рижарав, хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун.** Дуца пикру гьабуларищ гьаб кинабго махлукъат Аллагьас гIададаго бижун гьечIин, гьелда жаниб цо хIикмат букIине кколин абун.

Гьаб кинабго махлукъатги бижун, гьелдаса зобал-ракьалги инсанасе квегъун, Аллагьас (عز وجل) гьев вижун вуго жиндие гIибадат гьабизе абун. Гьеб гIибадат гьабиги гьечIо щибго жинда жаниб захIмалъи, къварилъи бугеб жо. Цониги гьабизе кIолареб жо гьечIо Аллагьасул парзлъун бугеб ва аварагасул суннатлъун бугеб жоялда жаниб. ЦIакъ бигьаяб, щибго инсанасе захIмалъи гьечIеб жо буго «Лаиллагьа иллаллагь, МухIаммад расулуллагь» абураб рагIи кIалалъ аби ва гьеб рагIиялъул магIна ракIалда жаниб мухIканлъун парахатлъун букIин, кинабгIаги щаклъи ва вас-вас гьелда сверухъ лъугьунгутIи.

ГьадигIан бигьаяб, нилъеего дунял-ахираталъул бахьибуголъи щолеб Аллагьасул нухдаса хьвадичIони букIунеб жо бицун гьес абулеб буго:

**Аллагьасе бокьани нужги гьаб ракьалдаса нахъе рачун нужер бакIалда цIияб халкъ бижила Аллагьас (عز وجل)»-абун.** жидеца иман лъураб, Аллагь-авараг лъалеб, исламияб дин гьабулеб халкъ бижила БетIергьанас ва гьеб иш гьаби гьесие щибго къварилъи кколеб амру гьечIо.


**20. Аллагьасе гьеб иш гьаби щибго захIматаб гьечIо.**

**2I. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ тIаде бахъинабун Аллагьасда ццере чIола** загьирго, гьоркьоб пардав гьечIого, цояв цоясдаса рикIкIад ва балъго гьечIого. **Цинги дунялалда жал загIипаллъун рукIарал гIадамаз жидер ханзабилъун ва церехъабилъун рукIарал гIадамаздехун абула: «Дунялалда ниж нужеда нахърилъльун рукIана. Жакъа нуж ругищха нижедаса Аллагьасул (عز وجل) гIазаб нахъчIвазелъун щибгIаги кумек гьабизе кIолел?» - абун. Дол церехъабаца абула: нижго иманалда тIоритIараллъун ратун рукIаралани нижеца нужги гьелда тIоритIилаан Нужецаги нижецаги сабру гьабуниги, яги нилъ зигардун, чIвачIвадун ругониги гьанже щибго жо хисизе гьечIо, нахъе кIанцIизе, рахчизе бакIги гьечIо» - абун.**

**22.** ХIисаб-мизанги тIубан алжаналъул агьлу алжаналде лъугьинабун, жужахIалъул агьлу жужахIалде лъугьинабун, **гьаб хIукму тIубан хадуб щайтIаналъ абула: «ТIадегIанав Аллагьас (** عز وجل**) нужее хIакъаб къотIи гьабун букIана дунялалда ругеб мехалъ. Дицаги къотIи гьабун букIана нужее** ахиратги букIине гьечIо, хIисаб-мизан, алжан-жужахI букIине гьечIо абун**. Гьеб къотIиялъулъ дун нужее хилиплъана.** Жакъа дунги нужгун цадахъ жужахIалда жаниб буго. **Дир щибго къуват букIинчIо нужее дица бицараб жо гьабизе. Жакъа дида щибго гIайиб чIваге, нужеца гIайиб чIвай нужерго напсазда. Жакъа дун гьечIо нуж гIазабалдаса хвасар гьаризе кIолеблъун. Нужги гьечIо дун гIазабалдаса хвасар гьабизе кIолеллъун. Дица инкар кколеб буго нужеца дун Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ гIахьал гьабун букIиналда» - абун. ХIакълъунго, жидерго напсазе зулму гьабураб къавмалъе цIакъ унтизабулеб гIазаб букIине буго.**

**23. Жидеца ахираталда ва Аллагьасда иман лъун, аварагасда мутIигIлъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамал Аллагьасул амруялдалъун лъугьинарула жидеда жанисан гIорал чвахулел алжаналъуре. Даимго рукIуна гьел гьеб алжаналъур. Жидер цоцадехун бугеб хIурмат ва кIодогьари: «Аллагьасул салам лъеги нужеда»- абун букIуна.**

**24. Дуда бихьуларищ ва бичIчIуларищ, я гьав инсан, тIадегIанав Аллагьас мисал бачун бугеб куц: берцинаб лъикIаб рагIиялъул мисал буго лъикIаб пихъил гъветIалъул мисал. Жиндир кьалбал гъваридго ракьулъе араб, жиндир гIаркьелалги эхеде рорхун зобалаздехун араб.**




**25. Жинца пихъги кьолеб щибаб заманаялъ Аллагьасул изнуялдалъун.** Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун риидал, хасало батIа гьечIого пихъ кьолеб. Гьаб мисал буго муъминчиясул рекIелъ чIун бугеб иманалъул мисал. Гьеб иманалдалъун жиндир гIамал зобалазде бахуна ва кидаго жинца лъикIаб гIамал гьабун жиндие ажру кири бачIунеб букIуна.

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «ЛъикIаб рагIи «Лаиллагьа иллалагь» буго ва лъикIаб пихъил гъветIги муъминчи вуго» - абун. **Аллагьас гIадамазе мисалал рачуна, кици бахъула: гьел гIадамаз вагIза босизе бокьун ва иман лъезе бокьун.**

**26. Квешаб хъубаб рагIиялъул мисал буго квешаб зазил гъветIалъул мисал. Ракьалда тIад бегун жиб бижараб, жиндир щулиял кьалбалги гьечIеб, жиб чIараб бакIги гьечIеб.**

**27. ТIадегIанав Аллагьас жидеца иман лъурал гIадамал хIакъаб, битIараб рагIиялда чIезе гьарула дунялалъул чIаголъиялъулъ ва ахираталдаги. Жидеца куфру-ширкалдалъун зулму гьабулел гIадамалги Аллагьас хъущтIизе, къосине гьарула. ХIакълъунго Аллагьас жиндие бокьараб жо гьабула.**

Гьаб аяталъул магIна буго муъминзабаца Лаиллагьа иллаллагь абун иман лъун дунялалда лъикIаб гIамал гьабула. Жидер рухI бахъиялда аскIорги гьеб калима абулаго ва гьелъул магIна рекIелъ букIун хола. Мункар-Накир вачIун хабалъ кIалгьикъи гьабулеб мехалъги Лаилагьа иллаллагь, МухIаммадун расулуллагь абула. Жидеца напсазе зулму гьабун иман лъечIого чIарал гIадамазда гьеб калима абизе ракIалде щоларо рухI бахъулеб мехалъги, хабалъ кIалгьикъи гьабулеб мехалъги.

**28. Мун валагьуларищ, МухIаммад ﷺ, ва киналго муъминзабиги ралагьуларищ Аллагьас (عز وجل) жидее кьурал киналго нигIматазда инкар ккураб капураб къавмалда.** Гьел руго Маккаялъул агьлу: Аллагьас кагIба рукъалда аскIор божилъиялда жал чIезе гьарурал, кинабго рахъалъан жиденде тIаде даран-базар ва батIи-батIиял нигIматалги рачIунел, жидедаго гьоркьосаги МухIаммад авараглъунги витIарал. Гьел нигIматазул къадру гьабичIого жидеца Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабурал, МухIаммадги ﷺ гьереси гьавурал. **Цинги жидеца жалгоги жидер къавмги цIакъ квешаб рукъоре ккезе гьарурал.**


**29. Жагьаннама буго гьеб квешаб рукъги, жал гьенире жанире лъугьине гьарулеб. ЦIакъ квешаб чIолеб бакI буго гьеб жагьаннама.**

**30.** Гьаб жаза буго **Жидее гIибадат гьабизе алагьзаби гьарурал ва Аллагьасде ширк гьабун жидеца гIадамалги къосинарурал гIадамазе. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: «Нужеца дагьабго заманаялъ гьаб дунялалдаса мунпагIат босе. Нужер ахир руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго» - абун.**

**3I. Иман лъурал дир лагъзадеридаги дуца абе МухIаммад ﷺ: нужеца паризаяб как бай гьелъул хIукъукъал тIуран ва Аллагьасе хIелун. Ва Аллагьас кьураб хIалалаб ризкъиялдаса напакъаги кье абун:** лъикIаб нухда ва Аллагь разилъи тIалаб гьабун. **ГIадамазда бихьун кье гьеб напакъа ва балъгоги кье. Жиндилъ щибго даран базаралъ ва гьудул-гьалмагьас мунпагIат гьабуларе къиямасеб къо бачIинелде ццебе гьабе гьеб лъикIаб гIамалги.**

**32. Нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав нужер БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго, жинца зобал-ракьал рижарав. Жинца зодисан лъим рещтIинабулев. Гьеб лъималдалъун кинабго пихъ ва хур нужее ризкъилъун бижизе гьабулев. Жинца нужее гумиги квегъарав гьезда тIад рекIун, ралъадал къотIун нуж ине Аллагьасул изнуялдалъун. Гьединго нужее гIоралги квегъарав.**

**33. Жинца нужее бакъги моцIги квегъарав (кьурав). Жиб кIиябго даимго хьвадулеб ва нужее щибалдалъун мунпагIат бугел. Гьединго нужее жинца сордоги къоги гьабурав жиб кIиябго нужее квегъараблъун:** Къад магIишат тIалаб гьабизе, къаси хIухьбахъи гьабизе.




**34. Нужеца гьаранщинаб жо нужее кьуравги вуго гьев Аллагь.** Нужер кIал-мацIалъ гьаричIониги нужер хIалалъ гьарараб, нужер яшав гьабиялда нуж хIажатаб жо кьурав вуго. **ТIадегIанав Аллагьасул нигIматал рикIкIине лъугьани, гьезул рикIкIеналъул гIорхъи чIвазе нужеда кIоларо. Гьеб амру гьедин букIингун цадахъ инсан цIакъ жиндиего зулму гьабулев вуго, Аллагьасул (عز وجل) нигIматазда инкар кколевги вуго.**

**35. Ибрагьим (гIв) аварагас абураб гIуж рехсе, МухIаммад ﷺ, гьеб дур умматалъе вагIзалъун букIине: Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل), дуца гьаб Макка гьабе жиндилъ божилъи бугеб шагьарлъун. Дуца дунги дир лъималги рикIкIад гьаре, Аллагь, хъанчазе лагълъи гьабиялдаса.** Ниж даимго дуе щукру гьабулел руго Аллагь (عز وجل), мун цо гьавулеб диналда дуца тIоритIидал. Гьеб диналда чIезаре ниж ва жидеца ширк гьабулел гIадамаздасан рикIкIад гьаре.

**36. Гьел хъанчаз цIакъ гIемерал гIадамал къосине гьарун руго, дир БетIергьан.** Хъанчаз къосинаруларо, хъанчал гьаруразва гьезие лагълъи гьабизе нух лъураз къосинарула.

**Дида нахъвилълъун, Аллагь (عز وجل) цо гьавун хьвадарав чи дир диналдаса ва дир агьлуялдаса вуго.** Дида гIасилъарав чиясе дида гьабизе кIолеб жо гьечIоха **БетIергьан. Мун вуго мунагьал чурулев ва гурхIулев.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв Ибрагьим аварагасул гурхIелалъул ва гьес гIадамазул гIузру къабул гьабиялъул бицун буго гьаб аяталда. Жинда гIасилъаразе гIазаб гьабе абун абичIого «мун гурхIулев вуго БетIергьан» - абун абулеб буго. Гьаб гурхIел Аллагьасул свалат салам лъеяа МухIаммад аварагасулги букIана. Жиндир къавм гьалаг гьабизеги ва гьабичIого тезеги ихтияр жиндихъе кьун, цояб тIаса бищизе виччадал аварагасги абуна: «Дуца дир къавм тIобитIе, Аллагь» - абун. Муъминзабазул сипатаздаса бищунго къиматаб сипат буго жив гурхIулев вукIин. Жив гурхIарасда Аллагь (عز وجل) гурхIула. Аллагь гурхIарав чи алжаналдеги уна.

**37. Я нижер БетIергьан Аллагь! Дица дир хъизан тана:** дир вас ИсмагIил ва чIужу Гьажар тана **хур-хер гьечIеб, лъим гьечIеб, щибго чIаголъи гьечIеб кIкIалахъ, дуца хIурмат цIунараб дур ракьалда аскIор. Я дир Аллагь (عز وجل)! Дуе гIибадат гьабизе ва дуе какал разе тана дица гьел гьенир. Дуца бусурбабазул ракIал гьаре, Аллагь (عز وجل), гьаб КагIба рукъ бокьун гьенире хьвадулеллъун ва гьенир ругел гIадамал рокьулеллъун. Дуца гьеб Маккаялъул агьлуялъе батIи-батIиял пихъаздаса ва нигIматаздаса ризкъи кье, гьел гIадамаз дуе щукру гьабизе.**

ТIадегIанав Аллагьас Ибрагьим аварагасул дугIаялъе жаваб гьабун Макка шагьар гьабуна дунялалда тIад бугебщинаб нигIмат жинда жанибе бачIунеблъун, жиндилъ божи бугеблъунги.


**38. Я нижер Аллагь! Дуда лъала нижеца загьирго гьабулеб жо ва нижер ракIазулъ балъго бугеб жоги. Аллагьасе (عز وجل) балъго букIунаро ракьалда тIад бугеб ва зобалазда бугеб жо.**

**39. Кинабго рецц ва щукру Аллагьасе (عز وجل) буго, дун херав чи вукIингун цадахъ жинца дие ИсмагIил кьурав, гьесда хадув ИсхIакъги кьурав. ХIакълъунго дир БетIергьан жинда дугIа гьабулесул дугIа рагIулев ва гьелъие жаваб кьолев вуго.**

**40. Дуца дун гьаве, Аллагь, дуе гIибадат бацIцIад гьабулевлъун, дуе какал ралевлъун ва дир зурриятaлъул гIадамалги гьаре дуе какал ралеллъун. Дуца дугIаялъе жавабги гьабе, я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل).**

**4I. Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуда ццере чIчIезарун хIисаб-мизан гьабулеб къоялъ Дуца дир мунагьал чуре ва дир эбел-инсулги, киналго муъминзабазулги мунагьал чуре.**

**42. Дуда ракIалде ккоге, МухIаммад ﷺ, Аллагь гьапуллъун вугин абун гьел мушрикаца гьабулеб гIамалалдаса. Аллагьас (عز وجل) гьел гIазаб гьабичIого нахърахъун тола, гьезул берал гIачIихунеб къоялъ гьезие гIазаб гьабизе.**




**43. ЦIакъго хех уна** гьел къиямасеб къоялъ тIад рахъинарун махIшаралда рачун унеб мехалъ: **эхеде бутIрулги рорхун, цоцазде балагьизе регIичIого, хIинкъиялъул кутакалъ жидеца берги къапуларо. Гьезул ракIалги щибго жо жаниб гьечIел гьодорал жал гIадин рукIуна: гIакълуги гьечIел, пикруги гьечIел.**

**44. Дуца капурзабазе хIинкъи кье, МухIаммад ﷺ, къиямасеб къоялъул гучаб гIазаб щвезе букIиналдалъун. Гьеб къоялъ жидеца куфру-ширк гьабурал гIадамаз абула: «Я нижер БетIергьан! Дуца ниж цодагьаб мехалъгIаги гIазаб гьабичIого те, нижеца дур иман лъеялде ахIиялъе жаваб кьун иман лъезе ва дур аварагзабазда нахърилъльине» - абун.** гьезул ракI бакъвазабун гьезде абула: **нуж дунялалда гьедарулел рукIана гурищ нуж хвезеги гьечIин, тIаде рахъинаризеги гьечIин» - абун.**

**45. Нуж рукIана нужеда ццере рукIарал жал гьалаг гьарурал капурзабазул ракьалда магIишат гьабун.** Гьел гьалаг гьарун рукIиналъулги нужее щибго вагIза лъугьинчIо. **Нужеда баянго лъалебги букIана кинаб гIазаб дица гьеб гIасияб къавмалъе гьабурабали. Дица нужее гIемерал мисалалги рачана дида гIасилъаразе букIунеб гIазабалъул ва къварилъиялъул, гьелъулги нужее щибго асар лъугьинчIо ва нужеде гIакълу бачIинчIо».**

**46. Нужецаги Аллагьасул расуласе хIилла макру ургъана: гьев чIвазе къасд гьабуна, дол ццересел мушриказ гьабураб гIадинго. Аллагьасда (عز وجل) аскIоб буго гьезул макруялъул жаза** ва гьездаса аварагги цIунула Аллагьас**. гьезул макру жинца мугIрул цо бакIалдаса цоги бакIалде инаризе кIолеб гIадаб гучаб бугониги.**

**47. Дуда ракIалдего ккоге, я гьав инсан, Аллагьас жиндир аварагзабазе квербакъизе гьабураб къотIи тIубачIого телин абун. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир бергьенлъи, гуч кутакав вуго ва жинда гIасилъараздаса ццим босулевги вуго.**

**48. Гьаб ракь бадал гьабулеб (хисизабулеб) цоги ракьлъун, зобалги хисизарулеб къиямасеб къоялъ гьабизе буго мушриказе гIазаб.** МугIрул-щобал гьечIеб, гIорал-лъарал гьечIеб цIан битIараб авлахълъун ракьги гьабураб, цIваби нахъе росун, ракьалде тIаде гIагар гьарун зобалги рукIунеб, гIаданиб нах гьалулеб хIалалъ бетIералда гIагар гьабун бакъги букIунеб, жидер мунагьазул ва гIасилъабазул къадаралда рекъон гIетIулъ тIерхьун гIадамалги рукIунеб къо буго гьеб. **Кинабго халкъ тIаде бахъинабун, гьеб къоялъул жив цогояв ханлъун ва БетIергьанлъун вугев, жиндир къуват-гуч бергьарав Аллагьасда (عز وجل) ццереги чIезарула.**

**49. Гьеб къоялъ Аллагьасде гIасияб къавм дуда бихьизе буго МухIаммад ﷺ, щайтIабигун цадахъ гудраз ва рахсаз рухьун.** Жидер хIатIалги квералги габуралда рухьун рукIуна ва щивасул щайтIанги гьебго хIалалъ жидеда цадахъ бухьун букIуна.

**50. Гьезда тIад ретIараб ретIелги пицIил букIина: цIаялъ бухIун биун тIомгун ва гьангун жубан унеб. Гьезул гьурмалги цIа рекIун гьеб цIаялъ рухIулел рукIина.** Гьаб гучаб гIазаб гьезие гьабулеб буго жидер макруялъе ва гIамалкIодолъи, чIухIиялъе жазалъун.

**5I. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ Аллагьасда (عز وجل) цебе чIезабула, гьес щибаб напсалъе гьелъ гьабураб гIамалалда рекъараб жаза гьабизе. ХIакълъунго Аллагь жинца хIисаб-мизан цIакъ хех гьабулев вуго.** Цо хIадисалда буго дунялалъул къоязул бащадаб къо гIадаб заманалъ гьабула кинабго халкъалъул хIисаб абун.

**52. Гьаб дуда рещтIинабураб Къуръан киналго гIадамазда ва жундузда щвезабулеб Аллагьасул (عز وجل) калам буго: гьелдалъун Аллагьасда гIасилъарал гIадамазе хIинкъи кьезе ва кинабго гIаламалдаги лъазе жинца гьаб Къуръан рещтIинабулев ва жиндие лагьлъи гьабизе тIадав цохIо Аллагь (عز وجل) вукIин ва гIакълу бугел гIадамаз гьаб Къуръаналдаса мунпагIат босизе.** Жидее гьелъул вагIза букIине ва гьел Къуръаналъ малъараб нухда хьвадизе.


**I5. Суратул ХIижри**

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб ункъоялда анцIила ичIго аят бугеб.

**I. Алиф, Лам, Ра.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьел хIурупаздалъун бугеб жиндир мурад. **Гьал жинца гIадамал гIажиз гьарулеб Къуръаналъул аятал руго. Жиб баянаб, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб Къуръаналъул аяталги руго.**

**2. Ахираталда жужахIалде ккедал капурзабазул анищ ккола жалги бусурманлъун рукIаралани абун.**

Абу Муса АшгIариясдаса бицараб хIадисалда буго: жужахIалъул агьлугун цадахъ бусурбабазул цо къокъа гьенир жанире лъугьинаридал, капурзабаца абула: «нуж бусурбаби рукIана гурищ» - абун. «РукIана» - абула гьез. Цингиги капурзабаца абула: *«Нужее щибго пайда гьабичIо гурищха нужер исламалъ»-абун. Бусурбабаца абула: «Нижер мунагьал рукIана, гьел сабаблъун руго ниж нужгун цадахъ»-абун. Гьеб хабар рагIараб механ ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) бусурбаби жужахIалдаса къватIире рахъизарула. Гьеб бихьараб механ капурзабаца абула: «Нижги бусурбаби рукIаралани гьал гIадин жужахIалдаса къватIир рахъинаризе»*-абун.




**3. Дуца гьел мушрикал те, МухIаммад ﷺ, хIайванал гIадин кваналел ва дунялалдаса мунпагIат босулеллъун, жидер хьулал халалъиялъ жалги машгъул гьарун ругеб хIалалъ:** дунялалде ракIгъун, ахираталъул ургъел гьабизе кIочараллъун. Ахираталъул гIазаб бихьараб механ ва гьеб чIамизабураб механ **гьезда лъазе буго жидер ахIмакълъи ва жидеего гьабураб зулму.**

**4. Дица цониги росдал агьлу гьалаг гьабичIо жидехъе аварагги витIун гьев гьереси гьавун хадуб гурони ва гьел гьалаг гьариялъе цIараб заманаялъ гурони.**

**5. Умматалдаса цебе кколаро гьел гьалаг гьаризе бугеб гIажал ва гьеб гIажал тIаде щвараб механ гьел гьалаг гьаричIого толаро.**

**6. Маккаялъул мушриказ абуна: «Я гьав жинда Къуръан рещтIинабурав чи! Мун вуго жундуца ккурав чи.**

**7. Авараг вуго абураб рагIиялъулъ мун витIарав ватани, мун нижехъе малаикзабиги рачун вачIуневани, мун авараг вуго абун нугIлъи гьабизе» - абун.**

**8. Дица малаикзаби рещтIинаруларо жидее гIазаб гьабизе хIукму гьабураб умматалъе гIазаб гьабизе гурони. Цинги гьеб гIазаб гьаби жидедаса нахъеги бахъуларо.**

**9. ХIакълъунго дун вуго, МухIаммад ﷺ, дуда Къуръан рещтIинабурав ва дица буго гьеб Къуръан ва гьелъул хIукму цIунизе.**

**I0. Дица дудаса ццереги аварагзаби ритIана, МухIаммад ﷺ, батIи-батIиял умматазда ва жамагIатазда.**


**I1. Гьезухъе расул вачIанщинахъе жидеца гьев махсароде гьавуна ва гьересиги гьавуна.** Гьал мушриказ дуе гьабулеб жоги гьебго буго.

**I2. Дица гьел мушриказул ракIазулъе лъугьинабуна батIулаб жо, къосин ва авараг махсароде гьави.**

**I3. Гьел мушриказ Къуръаналда иман лъоларо. Гьединал капурал гIадамазе Апллагьас (عز وجل) гьабулеб жаза цересел умматазе гьабураб гIазабалъул мисалалда буго.** Гьеб гIазаб гьабиялдаса мушрикал цIунулеб жо щиб букIинеб?. Щибго букIунаро гьел цIунизе кIолеб ва Аллагьасе бокьани гьел цIакъ бигьаго гьалаг гьарула. Маккаялъул капурзаби кигIан гIемер хIужа-далил бугониги, кигIан кIудияб мугIжизат бихьизабуниги, гьелда божуларел ва мутIигIлъуларел руго, жидер гIамал кIодолъиялъ ва хIалхъублъиялъ. Гьезул чIухIи ва ахIмакълъи баян гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**I4. Дица зобалазул рагьоги рагьун, гьел зобалазда жанир лъугьине реччаниги ва гьенир ругел малаикзаби ва цогидал дир махлукъаталъул гIажаибал жал рихьизаруниги,**

**I5. Гьел мушриказ абизе буго нижее сихIро гьабун буго ва нижер бер бухьун бугоян абун.** Аллагьасул свалат салам лъеяв аварвгасде инкар кквеялъул гуч буго гьеб. Хирияб Къурьанги жидеца гьереси гьабулеб буго, зодоб бугеб моцI хъвалхьинабуниги гьеб мугIжизатги жидее гIолеб гьечIо.




**I6. Дица зобалазда цIваби хьвадулел нухал гьарун руго. Гьединго гьел цIвабзаздалъун дица зобал берцин гьарун руго, гьенир балагьарал гIадамазул бер боххулеб ва ракI парахалъулеб хIалалъ.**

**I7. Дица гьел зобал цIунунги руго жиб рахIматалдаса рикIкIад гьабураб, жиндие лагIнат кьураб щайтIан гьениб бахиялдаса.**

**I8. Зобалазул вахIюялда гIенеккулеб цо-цо щайтIан хутIун букIуна, гьелдаги зодисан рехараб цIадул сунтур щола ва жибги бухIун гIодобе бортула.**

**I9. Дица гьаб ракь тIибитIун гIодоб лъуна ва гьелда тIад мугIрулги гьаруна. Дир хIикматалда рекъон, гIадамазе маслахIат хал гьабун ракьалда тIад щибаб бакIалда батIи-батIияб хур-хер, пихъ бижизабуна.** МугIрузда ва ракьалда жанир батIи-батIиял магIданалги гьаруна.

**20. Гьеб ракьалда тIад нужее магIишат гьабизе сабабал рекъезаруна. Нужеца жидее ризкъи кьоларел, нужеца жидедаса мунпагIат босулел хIайванал ва лагъзалги гьаруна, нужее маслахIаталъе.**

**2I. Кинабниги инсанасе бугеб ризкъиялъул ва цогидал нигIматазул асло ва хазина дида аскIоб буго. Дица гьеб ракьалда загьир гьабуларо жиндие чIчIезабураб къадаралда рекъон гурони ва гIадамазе бугеб маслахIат хал гьабун гурони.**

**22. Дица, жидеца накIкIал цоцаде рачунел, гьуралги ритIула. Зодиса цIад базабун дица гьеб лъим нужеда гьекъезабула ва нужее хур-хер бижиялъе сабаблъун ккезабула. Гьеб лъим рещтIинабизе ва гьеб хIорахъ, иццахъ цIунизе кIолеллъун гьечIо нуж.** Дица гьабуна лъимги, ракьги, гъветI-херги нужее пайда бугеблъун.

**23. ХIакълъунго дун вуго дица гIадамал хвезе гьарулев ва хун хадур гьел чIаго гьарулев. Кинабго махлукъаталъул варис вуго дун.** Кинабго жо ахир-къадги диде буссуна.

**24. Дида лъала нужеда ццерехун рукIарал киналго умматазул хабар. Гьанже гьаб умматалъул хабарги, къиямасеб къо чIезегIан тIаде рачIунел умматазул хабарги лъала дида.**

**25. Гьел киналго умматазул гIадамал махIшаралде рахъинарулевги дур БетIергьан Аллагь вуго, МухIаммад ﷺ. Гьев Аллагь вуго жиндир хIикмат бергьарав, гIадлу битIарав ХIаким ва жинда кинабго жо лъалев, гьелъул тадбир гьабулев ГIалим.**

**26. ХIакъльунго дица инсан вижана,** Адам авараг вижана**, жиб бакъвараб, жиндир кьер чIегIерлъараб хIарщалдаса.**

**27. Гьев Адам вижилелде цебего жундузул ва щайтIабазул бетIер иблис бижана дица цIакъ бухIараб, жиндир кIкIуй гьечIеб цIаялдаса: жиб расул кьибилалдаса хьвадулеб гIадаб цIаялдаса.**

**28. Дуца умматалъе бице, МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) малаикзабазда абураблъи: «дица цо черх бижизе буго бакъвараб, жиб чIегIерлъун, махI хисун бугеб хIарщалдаса.**

**29. Дица гьеб къаркъала гьабун гьелъул лугби ва черх тIубазабураб мехалъ ва гьелда жаниб дир жинца жо чIаго гьабулеб рухIги биччараб мехалъ (пураб мехалъ),** цинги рухI бугев, чIагояв инсанлъун гьев лъугьараб мехалъ нуж киналго гьев кIодо гьавун, **гьесул хIурмат гьабун, гьесда цере суждаялда чIа.** Гьаб сужда гьечIо гIибадат гьабиялъул сужда. Гьаб буго хIурмат гьабиялъул сужда. Гьедин сужда гьабулеб гIадат букIана исламияб динги битIун, гьелда жаниб хIарамаблъун гьабизегIан.ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьев Адамил (гIв) сурат гьабун, гьелда жаниб рухI пун гьеб чIаго гьабидал, Аллагьасул амру тIубазабун

**30. Адамие сужда гьабуна киналго малаикзабаца.** ЦохIо чи нахъчIвачIо малаикзабазул Адамие сужда гьабиялдаса.

**3I**. Гьеб мехалъ малаикзабазда цадахъ букIараб, амма жиб малаикзабазул жинсалдаса гьечIеб **иблис нахъчIвана сужда гьабиялдаса ва гьеб жидеца сужда гьабурал малаикзабазда гьоркьобе лъугьинчIо.**

**32. ТIадегIанав Аллагьас гьелда абуна: «Я иблис! Сужда гьабичIого букIине ккани щиб гIилла дуе бугеб?» - абун.**

**33. Иблисалъ абуна: «Дица сужда гьабизе гьечIо дуца махIцараб, чIегIераб, бакъвараб хIарщалдаса вижарав чиясе.** Дун буго цIаялдаса бижараб, дун гьесдаса лъикIаб ва чIухIараб буго»-абун.


**34. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: «Гьедин бугони мун къватIибе бахъа гьал зобалаздаса. Мун дир рахIматалдаса нахъе къотIараб буго.**

**35. Ва дуе абадиялъго лагIнат буго ахир къиямасеб къо щвезегIан» - абун.**

**36. Гьеб иблисалъ абуна: «Я дир бетIергьан! Дун хвезабичIого гIаги те, гIадамал хвезе гьарун хадуб тIаде рахъинарулеб мех щвезегIан» - абун.**

**37. 38. Аллагьас абуна: «Мун нахъе бахъун тараздаса букIине буго жиб лъалеб, жиндилъ киналго гIадамал холеб къоялде щвезегIан.** Гьеб буго Исрапил малаикас сур пун кинабго ракьалда тIад бугеб жо холеб къо.

**39. Иблисалъ абуна: «Я дир бетIергьан! Дуца дун къосараздаса гьаби сабаблъун дица гьев Адамил (гIв) наслуги къосинабила, гьезда дунялалда тIад кинабго гIасилъи, пасалъи берцинги бихьизабила ва гьел киналго дица хIакъаб диналдаса ва битIараб нухдаса къосинарила,**




**40. дуе тIагIат-гIибадат бацIцIад гьабурал, дудехун ширк гьабичIел, дир макруялдаса дуца жал цIунарал муъминзаби хутIизегIан.** Дир хIалкIоларо гьел къосинаризе» – абун.

**4I. 42. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: Гьаб бугоха дир битIараб ва хIакъаб нух, киналго умматазулъ жиб бугеб: дие гIибадат бацIцIад гьабурал лагъзадерида тIаде дуе нух гьечIо гьел къосинаризе. Дуда нахърилълъарал ва жалги къосарал гIадамал руго дуда къосинаризе кIолел.**

**43. 44. Гьел киналго руссунеб бакI жагьаннама буго.** Гьелгун цадахъ мунги гьеб жагьаннамаялда букIине буго**. Гьелъул анкьго батIаяб рагьуги буго, щибаб рагьдухъан жиндир къокъаби лъугьинабулеб.**

**45. Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун** лъикIаб гIамал гьабурал муъминзаби **алжаназда жанир рукIине руго, берцинал, тIагIамал нигIматазулъ.** Гьуинаб, лазатаб лъималъул, рахьдал, жадул ва гьацIдал иццалги рукIине руго гьел алжаназда жанир.

**46. Гьездаги абула: «Нуж гьал алжаназда жанире лъугьа нуж щибго рихараб жоялдаса божараллъун ругеб хIалалъ» - абун.**


**47. Дица гьел муъминзабазул ракIазулъан кинабго ццинбахъи, тущманлъи, хIалхъублъи ва хIасад гIадал квешал сипатал нахъе рахъила. Цоцалъ ракI жубарал вацаллъун рукIина гьел алжаналъул тахазда гIодор чIун,** цоцазда дандритIун, цоцаде мугъ бачIого рукIина.

**48. Жидеда гьел алжаназда жанир щибго свакай ва къварилъи хъатIуларо ва жал гьел алжаназдаса къватIирги рахъинаруларо.**

**49. Дуца дир муъминал лагъзадерида бице, МухIаммад ﷺ, Дун дица мунагьал чурулев ва муъминзабазда гурхIулев вугин абун.**

**50. Ва дида гIасилъарал лагъзадерие дица гьабулеб гIазаб жинца цIакъ унтизабулеб гIазаб бугин абунги.** КъуртIубияс абуна: *«Цо нухалъ Авараг ﷺ асхIабзабазда (ра) тIаде щвана гьел релъанхъулел ругеб мехалъ. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нуж сундаса роххун ругел, жегиги алжанги жужахIги нужеда ццебеги букIун»* - абун. Жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабазе гьеб амру захIмалъана ва жидеца мунагь гьабунаян абун пащманлъана. Цинги тIадегIанав Аллагьас гьаб 49-50 аят рещтIинабуна.

**5I. Дуца жегиги дур умматалда бице, МухIаммад ﷺ, Ибрагьим аварагасухъе рачIарал гьалбадерил хабар.**




**52. Гьел гьалбал Ибрагьим (гIв) аварагасде тIаде лъугьараб ва гьез дуда салам бугоян абураб гIуж бице. Ибрагьимица абуна: «ниж нужедаса хIинкъулел руго» - абун.**

**53. Гьалбадерица Ибрагьимида абуна: «Мун хIинкъуге,** ниж дуе къварилъи гьабизе рачIарал чагIи гуро**. Нижеца дуда рохел бицине буго. Дуе цо лъикIав, иман бугев, Аллагь лъалев вас гьавизе вугоян» - абун.** Гьев вас ИсхIакъ авараг вуго.

**54. Ибрагьим аварагас абуна: «Нужеца дие вас гьавизе вуго абун рохелищ бицунеб, дун херав чиги вукIадго. Гьеб рохел щиб сабаблъун нужеца бицунеб» - абун.**

**55. Гьалбадерица абуна: «Нижеца дуда бицунеб роххел Алагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб хIакъаб роххел буго, дур хьул къотIуге ва мун гьелда щаклъуге» – абун.**

**56. Ибрагьимица абуна ГЬесул рахIматалдаса хьул къотIулев чи щивха вукIунев, жидеда хIакъаб жо лъаларел, БетIергьан Аллагьги лъаларел гIадамал рукIун гурони» - абун.**

**57.** Цинги Ибрагьимида, гьел гьалбал малаикзаби рукIин лъадал гьес абуна: **Я Аллагьасул расулал! Нужер щиб амру бугеб ва нуж щиб хъулухъ тIад къан БетIергьанас ритIун ругел? - абун.**

**58. Малаикзабаца абуна: «Ниж ритIун руго жидеца цIакъ кIудиял мунагьал гьарулеб къавмалда. Гьел гьалаг гьаризе ва гьезул росаби чIунтизаризе,**

**59. ЛутI аварагасул хъизан хутIизегIан. Гьев ЛутIил хъизан нижеца гIазабалдаса хвасар гьабизе буго,**

**60 цохIо гьесул чIужу хутIизегIан.** Жинца иман лъечIей ва ЛутIие зарал гьабулей йикIарай. **Аллагьас хIукму гьабун буго гьей гьалаг гьарулеб къавмалда гьоркьоь йикIине ва гьелгун цадахъ гьалаг гьайизе» - абун.**

**6I. 62. Цинги гьел малаикзаби ЛутIил (гIв) хъизамалъухъе рачIараб мехалъ, ЛутIица абуна нуж дида лъаларел, цониги нухалъ рихьичIел гIадамал ругоян абун. Нужер щиб мурад бугеб ва нуж кире унел гIадамал ругел абун.**

**63. Гьалбадерица абуна: «Ниж духъе рачIун руго гьаб капураб къавм жинда божуларого букIараб гIазабги бачун, гьел гьалаг гьаризе.**

**64. Духъе ниж хIакъаб Аллагьасул амругун рачIун руго ва ниж гьаб хабаралъулъ ритIухъалги руго» - абун.**


**65. Мун дур агьулуги бачун сардил цо дагьаб заман хутIараб мехалъ росулъан къватIиве а. Мун гьеб агьлуги ццебе лъугьинабун, гьезда хадув вилъла: гьезул ракI парахат букIине. Нужер цониги чи нахъги валагьуге Ва нуж а, Аллагьас (عز وجل) нужеде амру гьабураб рахъалде.** Шамалъул рахъалде.

**66. Дица ЛутI аварагасда лъазабуна гьеб квешаб къавм рогьалил гIужалда гьалаг гьабизе бугин, цохIо чи нахъе течIого, гьезул ахир къотIизабун.**

**67. 68. Цинги гьеб росдал къавм бачIана гIедегIун, рохун, цоял цояздаса ццере ккезе яхI бахъун, ЛутI аварагас абуна: «Гьал дир гьалбал руго рикIкIадаса рачIарал, нужеца дун нечезавуге гьезда аскIор нуж къан.**

**69. Нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа гьеб къабихIаб пиша гьабизе ва дунги гIодовегIан гьавуге гьел гьалбадерие къварилъи гьабун» - абун.**

**70. Къавмалъул пасикъзабаца абуна: «Дуда нижеца лъазабун букIана гурищ дуца гьалбал рукъоре рачунге абун».** ЛутIица къавмалда вагIза-насихIат гьабун, къабихIаб пиша гьабиялдаса гьел нахъчIвараб мехалъ, гьез ЛутI аварагасда абун букIана: «Дуца дур рукъоре гьалбал риччаге, ниж гьезда аскIоре лъугьине дуе бокьун батичIони ва цоги бакIалда нижеца гьабулеб жоялъулги дуца бицунге. Гьедин сихIкъотIун мун чIчIечIони, нижеца мун росулъа къватIиве гъезе вуго» - абун.




**7I. ЛутI аварагас абуна: «Нужее нужер шагьват тIубазе къваригIун батани, гьале гьал руччаби раче**. Ва гьезулгун рос-лъадилъи гьабун хьваде гьеб къабихIаб пиша гьабун бихьиназда нахъе лъугьинги жибго те» - абун.

**72. ТIадегIанав Аллагьас гьедун абулеб буго: «Дур чIаголъиялхIаги, МухIаммад ﷺ! Гьеб къавм жидер ахIмакълъиялъ мехтизабун букIана, жидер къосиналъул гIорхъи гьечIеб букIана.**

**73. Цинги гьеб ЛутIил къавм бакъ баккулеб гIужалъ жал гьалаг гьарулеб гIазаблъун бугеб гучаб гьаракьалъ ккуна:** жал ругеб бакIалдаса рагъаризе кIвечIого цIорон хутIана, гIазаб гьабиялъул гIаламат жидее загьирлъараб мехалъ.

**74. Дица гьезул росабазул тIасияб рахъ гъоркьияб рахълъун гьабуна. Щивав чиясда жужахIалда жаниса жиндие хас гьабураб гамачIги речIчIана.** ЦIакъ бухIараб, гьев чиги ворлъун жиб ракьулъе унеб гамачI букIана гьеб.

**75. 76. Гьаб ЛутIил къавмалъул къиссаялъулъ Аллагьасул (عز وجل) хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламатал руго жидеда жо бичIчIунел гIадамазе. ЛутIил къавмалъул росаби рукIараб бакI нуж сапаралде хьвадулеб нухда буго ва жеги гьезул асарги тIагIун гьечIо.**

**77. ЛутIил (гIв) къавмалъул къиссаялъулъ ва гьезул росаби рукIараб бакI бихьиялъулъ муъминзабазе гIибрат буго ва гьез гьелдаса пайдаги босула.**

**78. Рохь гIемераб ракьалда букIараб ШугIайбил къавмги букIана жидерго напсазе ва цогидал гIадамазе зулму гьабулел.**

**79. Дица гьеб къавмалдасаги ццим босана ва гьел гьалаг гьаруна. Гьав ШугIайбил къавмалъул ва ЛутIил къавмалъул росаби нуж хьвадулеб нухда ратулелги рукIадго, нужеца гьелъул пикру кин гьабулареб, я гьал Маккаялъул мушрикал!**

**80. 8I. ХIакълъунго хIижруялъул бетIергьабацаги гьереси гьаруна жидехъе рачIарал аварагзаби.** Гьаб буго СвалихI аварагасул къавм. **Дица гьеб къавмалда дир мугIжизатги битIана.** Кьурулъан къватIибе къинаб варани бачIана балагьун гIадамалгун. **Гьеб мугIжизаталъул жидее вагIза ва гIибрат лъугьинчIо ва гьел гьелдаса руссана.**

**82. Жидеца кьураби рикIун гьенир жанир рукъзалги гьарун, гьел рукъзабахъ рукIун жидеда щибго къварилъи-зарал щвеларо абун божун рукIана.**

**83. 84. Гьел гучаб гьаракьлъун бугеб гIазабалъ ккуна рогьалил гIужалъ.Гьезие гIей гьабичIо ва щибго кумек гьабичIо жидеца кьураби рикIун гьарурал рукъзабаз.**

**85. Дица зобалги ракьалги рижинчIо ва гьеб кIиялдаго гьоркьоб ва жаниб бугеб жоги бижинчIо хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун гурони. Къиямасеб къоги жиб бачIин хIакъаб жо буго. Мун гьеб капураб къавмалдаса вусса, МухIаммад ﷺ, берцинаб вуссиналъ.**

**86. Дур БетIаргьан Аллагь (عز وجل) вуго, МухIаммад ﷺ, жинда кинабго жо лъалев ва кинабго жо жинца бижулев.**

**87. Дица духъе кьуна, МухIаммад, жал такрар гьарулел, гIемераб цIалулеб анкьго аят.** Гьеб буго какилъ цIалулеб алхIам. **Къадру-къимат кIудияб Къуръанги кьуна.**

**88. Мун валагьуге, МухIаммад ﷺ, ва дуда берцин бихьуге гьел капурзабазул батIи-батIиял къокъабазе (ягьудиял, насраниял, мужусиял, мушрикал) кьун бугеб бечелъиялда. Гьеб куфру-ширкалъул агьлуялъ иман лъечIого абун ва гьел дуда нахърилълъинчIого абун дуца ракIги къварид гьабуге. Дуца дур гурхIел-рахIмуялъул кваркьи тIаде баче муъминзабазда.**

**89. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, дун вуго Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев расул.**

**90. Дица дуда Къуръан рещтIинабуна, МухIаммад ﷺ, дудаса ццере рукIарал, жидеца дин бикьизабун хвезабурал ягьудиязда ва насраниязда тIехь рещтIинабураб гIадин.**

**9I. Гьел китабиял руго жидеца гьаб хирияб Къуръанги бикь-бикьизе гьабулел.**


**92. 93. Дур БичасхIаги, МухIаммад ﷺ, дица гьел киназдаго цIакъ гьикъизе буго гьаб жидеца гьабураб гIамалалдаса.**

**94. Дуца Аллагьасул (عز وجل) рисалат щвезабе, МухIаммад ﷺ, гьеб амру тIубаялъулъ дуца яхI бахъе ва мун мушрикаца бицунеб жоялъ нахъчIваге дуда гьабураб амру тIубазе.**

**95. ХIакълъунго дун вуго дуе гIей гьабулев ва квербакъулев дуда тIад релъунхъулел къурайшиязул ханзаби гьалаг гьаризе.**

96. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) ширк гьабун, гьесда цадахъ цоги алагьзаби чIчIезарулел мушриказда нахъа лъазе буго кинаб балагь жидеда щолеб гьаб дунялалдаго ва хадуб ахираталдаги.

**97. Дида лъала, МухIаммад, дуе захIмалъулеб букIин ва дур керен къварид гьабулеб букIин гьел мушрикаца дуда абулеб жоялдалъун.**


الجزء الرابع عشر
سورة النحل
الَّذِينَ جَعَلُوا الْقُرْآنَ عِضِينَ ﴿٩١﴾ فَوَرَبِّكَ لَنَسْأَلَنَّهُمْ
أَجْمَعِينَ ﴿٩٢﴾ عَمَّا كَانُوا يَعْمَلُونَ ﴿٩٣﴾ فَاصْدَعْ بِمَا تُؤْمَرُ وَأَعْرِضْ
عَنِ الْمُشْرِكِينَ ﴿٩٤﴾ إِنَّا كَفَيْنَاكَ الْمُسْتَهْزِئِينَ ﴿٩٥﴾ الَّذِينَ
يَجْعَلُونَ مَعَ اللَّهِ إِلَٰهًا آخَرَ ۖ فَسَوْفَ يَعْلَمُونَ ﴿٩٦﴾ وَلَقَدْ نَعْلَمُ
أَنَّكَ يَضِيقُ صَدْرُكَ بِمَا يَقُولُونَ ﴿٩٧﴾ فَسَبِّحْ بِحَمْدِ رَبِّكَ وَكُنْ
مِنَ السَّاجِدِينَ ﴿٩٨﴾ وَاعْبُدْ رَبَّكَ حَتَّىٰ يَأْتِيَكَ الْيَقِينُ ﴿٩٩﴾
سورة النحل
بسم الله الرحمن الرحيم
الجزء ١٤
أَتَىٰ أَمْرُ اللَّهِ فَلَا تَسْتَعْجِلُوهُ ۚ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ
﴿١﴾ يُنَزِّلُ الْمَلَائِكَةَ بِالرُّوحِ مِنْ أَمْرِهِ عَلَىٰ مَنْ يَشَاءُ مِنْ
عِبَادِهِ أَنْ أَنْذِرُوا أَنَّهُ لَا إِلَٰهَ إِلَّا أَنَا فَاتَّقُونِ ﴿٢﴾ خَلَقَ
السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضَ بِالْحَقِّ ۚ تَعَالَىٰ عَمَّا يُشْرِكُونَ ﴿٣﴾ خَلَقَ
الْإِنْسَانَ مِنْ نُطْفَةٍ فَإِذَا هُوَ خَصِيمٌ مُبِينٌ ﴿٤﴾ وَالْأَنْعَامَ
خَلَقَهَا ۗ لَكُمْ فِيهَا دِفْءٌ وَمَنَافِعُ وَمِنْهَا تَأْكُلُونَ
﴿٥﴾ وَلَكُمْ فِيهَا جَمَالٌ حِينَ تُرِيحُونَ وَحِينَ تَسْرَحُونَ ﴿٦﴾
٢٦٧

**98. Мун гьезул пишаялъ ва гьезул ргIабаз дуда тIад къараб рисалат щвезабизе нахъчIваге** Дуе гьезул рахъалъан бугеб зарал ва къварилъи захIмалъараб мехалъ, **дуца Аллагьасе тасбихI гIемер гьабе, гьесие рецц гьабун мун муъмин- забигун цадахъ как бан сужда гьабулездаса вукIа.**

**99. Ва дуда тIад къараб хIалалъ Аллагьасе гIибадат гьабе ва гьесул рисалат тIубитIе, дур гIажал лъугьун дуда хвел тIаде щвезегIан.**

**I6. Сурату НахIли**

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб нусиялда къоло микьго аят бугеб.

**I. Аллагьасул амру бачIана ва нужеца гьеб хех бачIин тIалаб гьабуге! Гьев Аллагь жив ВацIцIадав ва ТIадегIанав вуго мушриказ жиндехун ширк гьабулел алагьзабаздаса.**

**2. Аллагьас (عز وجل) малаикзаби рещтIинарула жиндир вахIюялдалъун лагьзадеридаса авараглъиялъе тIаса вищарав чиясда. Гьев аварагасда амруги гьабула дуца куфру-ширкалъул агьлуялъе хIинкъи кье абун жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан цохIо Аллагь гурони гьечIин, нуж хIинкъа гьев Аллагьасде гIасилъизе,** гьесул ццим бахъин ва гIазаб нужеде щвечIого букIине» - абун.


**3. Зобал-ракьал рижанарав БетIергьан Аллагьасде гIасилъи гьабизе хIинкъа нуж.** жинда жаниб маслихIат букIун ва хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун бижана Аллагьас (عز وجل) гьаб махлукъат. **Гьев Аллагь (عز وجل) вацIцIадав ва тIадегIанав вуго жиндехун гIахьаллъи гьабулеб щибго жо букIиналдаса.**

**4. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) инсан вижана манидал къатIраялдаса. Гьедин бугониги гьев инсан бянго къацандулев вуго.**

**5. Гьединго Аллагьас нужее хIайваналги рижана. Гьеб боцIудаса нужее буго нуж квачалдаса цIунулеб жо. Цогиги гIемер мунпагIатал руго нужее гьеб боцIудаса.** Нуж тIад рекIуна, нужер къайи баччуна. Гьан, рахь, нах, хIан ва **цогидабги кваналеб жоги буго нужее гьел хIайваназдаса.**

**6. Гьеб боцIи радал рокъосан къватIиб унеб мехалъ ва къаси рокъоб бачIунеб мехалъ нужее гьезда балагьун рекIелгъей буго ва бер боххиги буго.** дунялалъул чIаголъиялдаса бугеб жо буго. Гьелда рекIелгъей гьечIев чиясул боцIи-мал букIин надираб жо буго.

Аллагьас (عز وجل) тIовитIарав ва гьес жинда гIагар гьавурав вукIуна гьеб боцIи-мал, хъизан-лъимал бугониги гьелда рекIелгъей гьечIев, гьеб Аллагь ризилъиялъул нухда хIалтIизаби гуреб цоги гьелдаса мурад гьечIев чи. Гьединав чиясе кигIан гIемер бечелъи бугониги гьеб ахираталда хазиналъун батулеб букIуна.




**7. Гьел хIайваназ нужер къайиматахI баччула рикIкIадал ракьазде. Гьел рукIичIелани нуж гьенире ине рукIинчIо ва нужеда гьеб къайи баччизе кIвезе букIичIо,** цIакъ гIемер къварилъи бихьун гурони**. ХIакълъунго нужер БетIергьан Аллагь (عز وجل) жив цIакъ гурхIулев вуго ва нужее лъикIлъи бокьулев вуго.**

**8. Гьединго Аллагьас хьунулги рижана: чуял, гIорцIенал, хIамул. Нуж жидеда тIад рекIине ва нужее берцинлъиялъе рукIине. ТIадегIанав Аллагьас нужеда жиб лъалареб цогиги гIемер батIи батIияб жо бижула.** Щибаб заманаялъ, щибаб бакIалда инсанасул хIажат бихьун батIи батIияб жо бижула Аллагьас (عز وجل).

Гьев Аллагьас бижараб буго инсан ургъун гьабураб гамаги, мащинаги, самалётги, поездалги ва цогидаб кинабго жинда тIад рекIун ва къайи тIад лъун жиндаса мунпагIат босулеб техника. Аллагьас (عز وجل) кьураб гIакълоялдалъун гурони инсанас щибго жо гьабуларо: гьев инсанги, гьес гьабураб кинабго жоги Аллагьасул махлукъат буго. Гьаб масъала цIакъ битIун бичIизе ккола ва гьениб кинабгIаги шаклъи ккезеги бегьуларо.

**9. ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) буго жинца аварагзаби ритIун, тIахьал рещтIинарун, лагъзадерида битIараб нух ва хIакъаб дин баян гьаби. Аллагьасул нухаздаса буго ягьудиял ва насраниял жиндаса хьвадулеб нухги. ХIакъаб жо жидеда лъазего лъаларел мажусиял хьвадулеб нухги. Аллагьасе бокьарабани жинца нуж киналго тIоритIизе рукIана хIакъаб диналда ва битIараб нухда.**

**I0. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго** жиндие лагълъи гьабизе хIакъав нужер БетIергьан, **жинца зобалаздасан цIад рещтIинабулев. Гьеб цIадалдаса къеч хьвазабизе ва бухIи-багIари тIаса ине гьабизе лъин буго, гьелдалъун буго нужеца боцIи хьихьизе ва кьара гьабизе гъветI, хер бижулеб.**


**II. Аллагьас нужеца мунпагIат босизе гьеб цIадалдалъун бижизабула хуриб хьалеб жо: ролъ, цIоросоролъ ва цогидабги. Зайтуналъул чамастакил, цIолбол ва цогидал пихъалъул ахалги рижизарула. Гьаб цебехун бицараб жоялъулъ хIужа ва далил буго жидеца пикру гьабулел гIадамазе, гьезул БетIергьан Аллагь вукIиналда тIоритIел гьабулел.**

**I2. ТIадегIанав Аллагьас нужее квегъараллъун, нужеца жидедаса мунпагIат босулеллъун гьарун руго сордоги къоги, бакъги моцIги. Зодор ругел цIвабиги квегъарал руго Аллагьасул амруялдалъун.** Гьаб зобал-ракьал, бакъ-моцI, сордо-къо квегъун букIиналъулъги **Аллагь цо вукIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго жидер гIакъло бугел гIадамазе.**

**I3. Гьаб ракьалда тIад Аллагьас бижанщинаб жоялъулъги: жиндир кьер - мохъ батIияб, с**ипат сурат батIияб, жинс, тIагIам батIияб, хIайванал ругониги, гъветI хер бугониги, магIданиял жал ругониги. Г**ьеб киналъулъгоги гIаламатал руго Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда, гьев жиндир къуват-гуч, гIелму-лъай бергьарав вукIиналда, жидеца пикру гьабун, гIакъло хIалтIизабун, вагIза насихIат босулел гIадамазе.**

I4. Гьев БетIергьан Аллагь вуго **нуж рижарав, нуж хьихьулев ва нужеца гIибадат гьабизе хIакъав**, жинца нужее ралъадал квегъарав, гьениса нужеца гIатIгояб гьан кваназе, **ччугIа ва цогидаб ралъдал хIайваналъул гьан кваназе.** Гьениса къимат бугел ганчIал: **маржанал, жавгьарал, луълуал** рахъизе ва гьел нужее берцинлъилъун рукIине: **курхьин, кIиликI ва маххал гьаризе.** Гьеб ралъад хъвалхьун хьвадулел мугIрул гIадал чIахIиял гумиги рихьула нужеда. **Жидеца гIадамал раччулел, къайи-матахI баччулел, ралъдалъан ччугIа бахъулел.**

Гьал ралъадал Аллагьас нужее квегъун руго нужеца гьелдалъун магIишат гьабизе квербакъи гьабизе ва Аллагьасул ризкъиги тIалаб гьабизе. Гьеб кинабго жо Аллагьасул рахъалъан бугеб нигIмат букIин лъан гьесие щукруги гьабизе. **Ва амма щукру гьабулел дагь руго, нигIматаздаса лазат-кеп босулел, жидер Халикъ ва Разикъ кIочарал гIемер руго.**




**I5. Аллагьас (عز وجل) гьаб ракьул гьумералда тIад мугIрулги гьаруна нужгун цадахъ ракь чIчIун букIине, гьелъул гьетIи ва хьвагIи гьечIого букIине. Ва гIорал, нухалги гьаруна ракьалда тIад, нуж нужее хIажатаб бакIалде ине ва нужер мурад тIубазе.**

**I6. Нужее цогиги гIаламатал гьаруна ракьалда тIад, нуж рикIкIадаб сапаралъ инеги гьениса тIадруссун рукьоре рачIинеги. Сардилъ сапаралда ругел гIадамал зодир ругел цIвабзаздалъун жидер нухда ритIун кколел руго.**

**I7. Нужеца пикруго гьабуларищ, я гьал гIадамал: жинца кинабго махлукъат бижарав ва жиндие бокьараб жо бижизе кIолев Аллагьасда (عز وجل) релъълъунищ рукIунел гIадамазул квераз ганчIил, цIулал я цоги жоялъул гьарурал алагьзаби? Гьаб ишалъул пикру кин гьабулареб мушриказ ва жидее гьалъул вагIзаги щай лъугьулареб?.**

**I8. Гьединго Аллагьасул къудраталде тIоритIел гьабулеб далил буго нужее: нуж Аллагьасул нигIматал рикIкIине, гьезие гIорхъи чIвазе абун лъугьани, гьеб жо нужедаса бажаруларо. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго жинца тавбу гьабуразул мунагьал чурулев, гьезул иманги къабул гьабулев, муъминзабазда дунялалдаги ахираталдаги жив гурхIулев.**

**I9. Аллагь жинда лъалев вуго нужеца балъго гьабулеб жоги, тIатун, загьирго гьабулеб жоги.** Нужер рекIелъ бугеб иман лъала Аллагьасда, иман гьечIел, загьиралда иман бугеллъун хьвадулел мунапикъзабиги лъала. ГIадамазда бихьулеб бакIалда нужеца гьабулеб гIамал лъала, нужго ругеб бакIалда нужеца гьабулеб гIамалги лъала. Гьеб кинабго гIамалалде данде Аллагьас (عز وجل) нужее жаза гьабизе буго.

**20. Мушрикаца Аллагьги (عز وجل) живго тун жидее лагъалъи гьабулел хъанчал ва алагьзаби руго жидеда щибго лъикIлъи-квешлъи гьабизе кIоларел, жидеца жо бижуларел, гIадамазул квераз гьарурал ясикIаби.**

**2I. Хварал жал руго гьел, жиделъ рухI гьечIел, гIакълуги гьечIел, бихьи, рагIинги гьечIел. Гьел хъанчазда лъаларо кидал къиямасеб къо бачIунебги ва кидал тIаде рахъинарулебги.**


**22. Нуж кинацаго жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагь цохIо Аллагь гурони гьечIо. Жидеца Аллагьасде ва ахираталде иман лъоларел гIадамал,- гьезул ракIал руго хIакъаб жоялде инкар ккурал ва гьел чIухIунги руго жидеда динул ислам хIакъаб дин букIин лъаниги гьеб къабул гьабизе ва гьелда нахърилъльине.**

**23. Щибго щаклъи гьечIеб жо буго тIадегIанав Аллагь жинда балъгоябги загьирабги жо лъалев вукIин, ва гьев Аллагьасе цIакъ рокьуларо хIакъаб жо къабул гьабизе чIухIарал гIадамал.**

**24. Гьал инкарчагIазда ва мушриказда гьикъараб механ щиб жоха рещтIинабун бугеб нужер БетIергьанас МухIаммад аварагасда абун, жидеца абулеб буго: гьеб жо Аллагьасул (عز وجل) калам гьечIо, гьел руго ццересел умматазул бицунел гьересиял къиссаби абун.**

**25. Жидеца гьеб бугьтан лъуна къиямасеб къоялъ жидер мунагьазул гьирал раччун рукIине, щибго жо тIаса нукъса гьабичIого ва жидеца къосинарурал гIадамазул мунагьазул гьиралги раччизе. Мун кантIе, я гьав инсан! ЦIакъ квешаб гьир буго гьел гIадамаца баччизе бугеб!**

**26. Гьаб дур къавмалда церехун рукIарал къавмазги макру гьабуна, МухIаммад ﷺ, жидехъе ритIарал аварагзабазе. Аллагьас (عز وجل) гьел къавмазул минаби кьучIдасанго рахъана ва жидеда тIад тIохалги ротизарун гьалаг гьаруна. Гьезухъе Аллагьасул (عز وجل) гIазабги бачIана жидеда ракIалдаго букIинчIеб рахъалдаса**


الجزء الرابع عشر سورة النحل
ثُمَّ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ يُخْزِيهِمْ وَيَقُولُ أَيْنَ شُرَكَآءِىَ ٱلَّذِينَ
كُنتُمْ تُشَٰٓقُّونَ فِيهِمْ ۚ قَالَ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ إِنَّ ٱلْخِزْىَ
ٱلْيَوْمَ وَٱلسُّوٓءَ عَلَى ٱلْكَٰفِرِينَ ﴿٢٧﴾ ٱلَّذِينَ تَتَوَفَّىٰهُمُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ
ظَالِمِىٓ أَنفُسِهِمْ ۖ فَأَلْقَوُا۟ ٱلسَّلَمَ مَا كُنَّا نَعْمَلُ مِن سُوٓءٍ ۚ بَلَىٰٓ
إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٌۢ بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٢٨﴾ فَٱدْخُلُوٓا۟ أَبْوَٰبَ جَهَنَّمَ
خَٰلِدِينَ فِيهَا ۖ فَلَبِئْسَ مَثْوًى ٱلْمُتَكَبِّرِينَ ﴿٢٩﴾ ۞ وَقِيلَ
لِلَّذِينَ ٱتَّقَوْا۟ مَاذَآ أَنزَلَ رَبُّكُمْ ۚ قَالُوا۟ خَيْرًا ۗ لِّلَّذِينَ أَحْسَنُوا۟ فِى
هَٰذِهِ ٱلدُّنْيَا حَسَنَةٌ ۚ وَلَدَارُ ٱلْءَاخِرَةِ خَيْرٌ ۚ وَلَنِعْمَ دَارُ ٱلْمُتَّقِينَ
﴿٣٠﴾ جَنَّٰتُ عَدْنٍ يَدْخُلُونَهَا تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ
لَهُمْ فِيهَا مَا يَشَآءُونَ ۚ كَذَٰلِكَ يَجْزِى ٱللَّهُ ٱلْمُتَّقِينَ ﴿٣١﴾
ٱلَّذِينَ تَتَوَفَّىٰهُمُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ طَيِّبِينَ ۙ يَقُولُونَ سَلَٰمٌ عَلَيْكُمُ
ٱدْخُلُوا۟ ٱلْجَنَّةَ بِمَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٣٢﴾ هَلْ يَنظُرُونَ إِلَّآ أَن
تَأْتِيَهُمُ ٱلْمَلَٰٓئِكَةُ أَوْ يَأْتِىَ أَمْرُ رَبِّكَ ۚ كَذَٰلِكَ فَعَلَ ٱلَّذِينَ مِن
قَبْلِهِمْ ۚ وَمَا ظَلَمَهُمُ ٱللَّهُ وَلَٰكِن كَانُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴿٣٣﴾
فَأَصَٰبَهُمْ سَيِّـَٔاتُ مَا عَمِلُوا۟ وَحَاقَ بِهِم مَّا كَانُوا۟ بِهِۦ يَسْتَهْزِءُونَ ﴿٣٤﴾
الجزء ٢٧
٢٧٠

**27. Къиямасеб къоялъги Аллагьас гьел гIадамал цIакъ гIодорегIан гьарула ва гьезда абула: «Кире арал нужер алагьазби, гьел кIодо гьарун нужеца аварагзабазда дагIба балел рукIарал ва нужеца гьезие лагълъи гьабурал?» - абун. Аллагьасул (** عز وجل**) диналде халкъ ахIулеллъун рукIарал гIалимзабаца ва имамзабаца абула: «Унго-унгояб гIазаб, гIодорегIанлъи ва инжилъи жакъа капурзабазе бугоха» - абун.** ГIалимзабаз гьеб ргIи абула гьел капураб къавмалъул ракI къварид гьабизе ва гьезул хIал квеш гьабизе. Дунялалъул рукъор ругеб мехалъ гьел гIалимзабазухъ гIенеккун рукIинчIелъул, гьезул вагIза-насихIат босичIого гьезда тIад релъанхъун рукIиндал.

**28. Малаикзабаца капурал гIадамазул рухIал рахъула, гьел холеб мехалъ, гьел кутакалда мутIигIлъун ва хIелун рукIун, гьезги абула нижеца щибго квешлъи гьабичIо, нижеца ширк гьабичIо - абун. Аллагьас гьел гьереси гьарун гьездехун абула: «Нуж руго Аллагьасда (**عز وجل**) гIасилъун рукIарал, гьанже нужеца гьересиги бицунеб буго» - абун. Аллагь (**عز وجل**) жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб букIараб гIамал.**

**29. Гьанже нуж лъугьа жужахIалъул рагьабахъан жанир, нуж даимго гьенир жанир рукIине руго. ЦIакъ квешаб бакI бугоха гьаб жужахI Аллагьасде (**عز وجل**) иман лъезе чIухIун хьвадараб халкъалъе» – абун.**

**30. Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун, гьев разилъи тIалаб гьабун хьвадулел муъминзабазда гьикъараб мехалъ: «Щиб жо рещтIинабураб тIадегIанав Аллагьас жиндир аварагасда» - абун, гьез абула: «ЛъикIаб жо рещтIинабуна» - абун. Дунялалъул рукъоб лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе гьанибго лъикIаб жаза гьабизе буго. Ва амма ахираталда гьезие бугеб жаза цIакъго кIудияб ва лъикIаб буго. Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамал ахираталда жанир чIолеб рукъ цIакъ лъикIаб рукъ бугоха.**


**3I. Даимго жидеда жанир рукIунел алжанал руго гьел. Гьенир муъминзаби лъугьуна. Гьезул рагьабазда гъоркьан ва ахазда жанисан гIоралги чвахулел рукIуна. Гьезие щиб жо бокьаниги букIуна Алжаназда жаниб,** щибго гIакъуба бихьичIого гьезул ракIалде ккараб жо жидеда аскIоб лъун батула. **Гьадинаб лъикIаб жаза гьабула дица, дунялалъул рукъор ругеб мехалъ ахират букIиналда иман лъун, гьенир дида ццере чIчIезе рукIин лъан, дир гIазабалдаса хIинкъун лъикIаб гIамал гьабун жал хьвадарал гIадамазе.** Аллагьасул (عز وجل) парз тIубарал, аварагасул суннатги ккурал, амру-нагьюги гьабулел рукIарал гIадамазе.

**32. Гьел муъминзабазул рухIалги росула малаикзабаца цIакъ хIеренго ва тамахго. Гьездехун малаикзабаца абула: «Нужеде салам буго, нуж лъугьа гьал алжаназда жанире. Дунялалда нужеца гьабураб лъикIаб гIамалалъе жазалъун буго нужее гьаб алжан» - абун.**

**33. Гьал инкарчагIи ва мушрикал балагьун ругеб жо гьечIо жидер рухI босизе малаикзаби рачIин гуреб, яги Аллагьасул амру бачIун жидее гIазаб гьаби гуреб.** Гьаб кIиго жоялъул цояб щвезе буго гьазда. ГIазаб тIаде щвелалде цебе рухI босаразе ахираталда гIазаб букIина. Дунялалда гIазаб тIаде щваразеги ахираталда гIазаб букIина.

**Гьаз пикруго гьабуларищ жидеда церехун рукIарал умматазул мушриказе ккараб жоялъул.** Гьезда цере рукIарал гIасиял гIадамазги гьаз гьабулеб гIадаб гIамал гьабун букIана. **Гьезда гIазаб рещтIинабуна, гьаздаги рещтIинабизе бегьила гьеб гIазаб.** Гьел жал гьалаг гьарурал гIадамазе Аллагьас (**عز وجل**) щибго зулму гьабичIо. **Гьез жидецаго напсазе зулму гьабуна куфру-ширкалдалъун ва гIасилъи-пасалъи гьабиялдалъун.**

**34. Гьезде щвана жидеца гьабураб квешаб гIамалалда рекъараб жаза ва гьезие хIакълъана дунялалда ругеб мехалъ жидеца махсароде гьабулеб букIараб жо.** ЖужахIалде жанир лъугьинарун квешаб гIазаб чIамизабуна гьезда Аллагьасул (عز وجل) дин махсароде гьабиялъе жазалъун.




**35. Жидеца ширк гьабун хьвадарал гIадамаз абула: «Аллагьасе бокьун букIарабани нижеца ширк гьабичIого букIине, нижеца ширк гьабизе букIинчIо. Нижецаги нижер умумузги Аллагьасе гурони цоги щибго жоялъе лагъалъи гьабизе букIинчIо. Ва нижеца щибго жо хIарамги гьабизе букIинчIо Аллагьас (عز وجل) хIарам гьабичIеб»–абун. Гьадин абуна гьезда ццере рукIарал умматазул мушриказги:** жидер аварагзаби махсароде гьаруна, нижеца гьабулеб жо Аллагьасе (عز وجل) бокьун ва лъан гьабулеб бугин, гьесул амру букIинчIебани нижеца гьеб гьабиларoан абун. **Дир аварагзабазда тIадаб жо гьечIо жидехъе кьураб рисалат умматалъухъе щвезаби гурони.** Гьел гIадамал иманалда тIоритIи, яги къосинари Аллагьасул иш буго. Гьесда лъала лъица щиб тIаса бищун бугеб ва кин гьел хьвадизе ругеблъиги. Гьаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI парахат гьабун абураб ргIи. Гьалъул магIнаги буго: Дуца умматалъухъе рисалат щвезабе: гьез иман лъечIо абун дуе щибго кIал гьикъи букIине гьечIо.

**36. ХIакълъунго дица щибаб умматалде расул витIана нужеца лагъалъи гьабе цохIо Аллагьасе (عز وجل) ва нужги рикIкIалъе гьев гуреб жоялъе лагъалъи гьабиялдаса»-абун.** Хъанчал рукIа гьел, малаикзаби рукIа, хIайванал ва гIадамал рукIа щибго батIалъи гьечIого, Аллагь (عز وجل) тун батIияб жиндие гIибадат гьабураб жоялда тIагъут абула ва гьелъие лагъалъи гьаби ширк буго жинца абадияб жужахIалъул гIазабалде ккезарулеб.

**Гьел умматаздаса цо гIадамал рукIана Аллагьас хIакъаб диналда жал тIоритIарал. Гьездаса цоги гIадамал рукIана жидее къосин хIакълъарал ва жал бахьигьечIеллъун, капураллъун ругел.** Ай тIадегIанав Аллагьас аварагзабиги ритIун умматал иман лъеялде ахIана. Гьезул цо къокъаялъ иман лъуна, цогидал иман лъечIого чIчIана. **Гьанже нуж ракьалда тIад хьваде, я гьал Маккаялъул мушрикал, ва нужеца пикру гьабе щибдай ккана нужеда ццере рукIарал Аллагьасда (عز وجل) иман лъечIел ва жидеца аварагзабиги гьереси гьарурал къавмазе.** Гьелъул нужее вагIза лъугьине бегьила ва нуж кантIизеги бегьила.

**37. КигIанго дуе бокьаниги, МухIаммад ﷺ, дуца гьел гIадамал иманалда тIоритIизе, дуда кIоларо Аллагьас ﷻ къосаравлъун гьавурав чи иманалда тIовитIизе.** Аллагьасда лъараб мехалъ цо инсан къосин ва куфру тIаса бищун вукIин, Аллагьас гьев чи хIал гьабун иманалда тIовитIуларо. Жинца тIаса бищараб къосиялда тола. **Ва гьел гIадамал хIакъаб нухалда тIоритIизе, гьезие квербакъулев чиги вукIунаро,** ахираталда гьездаса гIазаб нахъчIвазе кIолев чиги вукIунаро.


**38. Гьел мушрикал цIакъ яхI бахъун, гьа гьедун кIалъалел руго ахират букIине гьечIин абун ва хварал гIадамал тIаде рахъинаризеги гьечIин абун. Аллагьас (عز وجل) тIаде рахъинаризе руго ва гьеб гьесул хIакъаб къотIиги буго. Амма гIадамазул гIемерисел жидеда гьеб хIукму лъаларел руго.**

**39. Гьел гIадамал тIаде рахъинарула: жидеда баян гьабун бихьизабизе дунялалда гьел жиндир хIакъалъулъ хилиплъун рукIараб жо.** Ахират гьечIин, тIаде рахъинари ва хIисаб-мизанги гьечIин абураб ргIиялъулъ гьел къосун рукIин гьезда баянлъизе. **Цинги капураб къавмалда якъинго лъазе гьел гьереси бицунел гIадамал рукIараблъи.**

**40. Дие цо амру бокьараб мехалъ дица гьабулеб гIамал буго «Кун» - абун аби, цинги гьеб жо букIуна.** ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) хIажатав гьечIо гьеб ргIи абиялдаги. Гьеб буго гIадамазда бичIчIизе, гьезул гIакълуялда релъълъинабун абураб ргIи.

**4I. Жидее зулму гьабун хадуб жидеца Аллагьасул диналъе гIоло гьижра гьабурал гIадамал. Дица гьезие дунялалда гьабила лъикIаб чIчIолеб бакI. Мадина буго гьеб гьижра гьабун рачIун гьел гьенир чIчIараб. Ва амма ахираталъул ажру цIакъго кIудияб буго ва хирияб буго. ГIадамазда гьаб амру лъалебани гьез яхI бахъилаан ахираталъул ажру тIалаб гьабун хьвадизе.**

**42. Гьел гIадамал руго жидеца мушриказул къварилъи - зулмуялда сабру гьабурал ва цохIо Аллагьасде (عز وجل) тавакал тIамун хьвадулел муъминзаби руго гьел.**




**43. Дудасан цереги дица расулаллъун ритIичIо цохIо бихьинал гурони. Дица гьезде вахIю гьабуна умматалъухъе щвезабизе кколеб шаригIат. Нужее гьеб лъазе къваригIун батани жидеда Инжил, Таврат лъалел ягьудиязул ва насраниязул гIалимзабазда гьикъе.**

**44. Баянал хIужабиги росун, Аллагьасул рахъалъан тIахьалги росун ритIула гьел аварагзаби. Дица гьаб Къуръан рещтIинабуна, МухIаммад ﷺ, дуца гIадамазе гьезда тIадаб жо баян гьабизе ва гьел гIадамаца пикру гьабун, вагIза босун Аллагьасда иман лъезе,** мун ритIухъ гьавун дуда нахъги рилъгьине.

**45. Гьаб ракьалда тIад квешаб макру ва пасалъи гьабулел гIадамал божунищ ругел Аллагьас (عز وجل) гьел ракьалда кквезарун гьалаг гьариларин абун, яги цоги гьезда ракIалдаго гьечIеб рахъалъан гIазаб бачIинарин абун.**

Макру абула щив вугониги гуккизе, гьев мекъи ккезавизе гьабулеб гIамалалда. Гьаб тайпаялдаса буго мунафикъзабаца гьабулеб макру: жидеца иман лъун гьечIел, амма иман лъурал гIадамазул пиша гьабулел. Аллагьасе тIагIат-гIибадат гьабулел абун рукIунел, амма гьеб гIамал гIадамазе гIоло гьабулеб ххвел, хIилла бугел.

**46. Яги Аллагьасул (عز وجل) гIазабалъ жал кколаро абун божунищ ругел жидер сапарада араб бакIалда, даран-базар гьабулеб бакIалдаги. Кир ругониги гьел Аллагьасде гIасиял, аварагасе макру гьабулел гIадамал гьесул гIазабалдаса рорчIизе гьечIо.**

**47. Яги гьел божунищ ругел жидеда гIазаб щвеладай абун хIинкъун, гьелда хъаравуллъи ккун жал ругеб мехалъ жидеда Аллагьасул (عز وجل) гIазаб щвеларо абун. ХIакълъунго нужер БетIергьан Аллагь (عز وجل), я гьал муъминзаби, жив гурхIулев, жиндие муъминзаби рокьулев вуго.**

**48. Мушриказда бихьуларищ ва гьез пикру щайдай гьабулареб кинабниги Аллагьас (عز وجل) бижараб жо букIиналъул гьелъул рагIадалъ цин кваранаб рахъалде, цинги квегIаб рахъалда ракьалда тIад тIибитIун Аллагьасе сужда гьабулеблъун: жал гьесие мутIигIлъарал ва хIелараллъун рукIун.**

**49. ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIаблъун ва гьесие сужда гьабулеблъун буго зобалазда ва ракьазда жаниб бугебщинаб жо: малаикзаби рукIа, хIайванал рукIа. Гьел киналго Аллагьасе мутIигIлъизе чIухIуларелги руго.**


**50. Жидеда тIад вугев, жиндир къуват ва къудрат бергьарав Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъулел руго ва жидеда амру гьабураб жо гьабулелги руго, даимго гьесие мутIигIал, гьесие хIелун рукIунел руго.** Гьаб аят цIалараб мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.

**5I. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) киналниги гIадамазда ва жундузда амру гьабун абун буго: нужеца кIиго Аллагь ккоге,** яги гIемерал аллагьзаби ккоге **«гьаб кинабго гIаламалъул бетIергьан Аллагь цо Аллагь вуго**, нужеца лагълъи цохIо дие гьабе**», ва нуж дидаса хIинкъа, цоги щибго жоялдаса хIинкъуге - абун.**

**52. Гьев Аллагьасе буго зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат. ХIакъикъияб, битIараб динги гьев Аллагьасе (عز وجل) гьабулеб дин буго. Гьав БетIергьанги тун цоги щив чиясдасаха нуж хIинкъулел?**

**53. Нужее бугеб щиб нигIмат бугониги гьебги Аллагьасул (عز وجل) нигIмат буго. Нужеда цо къварилъи-захIмалъи щвараб мехалъ нуж цохIо Аллагьасе дугIа гьабун, гьесие хIелулелги руго.**

**54. Цинги Аллагьас нужедаса къварилъи борхараб мехалъ, гьеб къварилъи сабаблъун гьесде хIелулел рукIараблъи кIочон, цIидасан гьесдехун ширк гьабун хьвадулеб буго нужер цо къокъа.**




**55. Дица кьурал нигIматазда ва дица гьабураб лъикIлъиялда инкар кколел руго гьел гIадамал. Дагьаб заманаялъ нужерго дунялалдаса мунпагIат босулеллъун рукIаха нуж, ахираталде щвараб мехалъ нужеда лъазе буго кинаб гIазаб нужеде щолебали.**

**56. Мушриказ жидер алагьзабазе дица кьураб хIалалаб ризкъиялдаса цо бутIа гьабулеб буго. Гьел аллагьзабиги жидеда щибго жо лъаларел руго. Таллагьи, нужеда цIакъ кIал гьикъи гьабизе бугоха, я гьал мушрикал, нужеца ургъун рахъарал аллагьзабазул ва нужеца гьезие бугин абун гьереси бицун, шаргIияб хIужа гьечIого толеб букIараб ризкъиялъулги.**

57. Гьединго мушрикаца абулеб буго малаикзаби Аллагьасул (**عز وجل**) ясал ругин абун. Аллагь вацIцIадав вуго гьез бицунеб гьересиялдаса. Жидеего бокьулеб жо **(вассал)** тIаса рищулел руго.

**58. Гьезул цоясда абураб мехалъ дуе яс гьаюн йигин абун, гьесул гьумер чIегIерлъулеб буго гьеб хабар рихун ва гьев ццим бахъун, гьеб хIехьезе кIоларого лъугьунев вуго.**

**59. Жиндир къавмалдаса вахчизе къасд гьабулеб буго гьес, гьез жив нечезавила абун хIинкъун гьей яс гьайи сабаблъун. жив гIодовегIан гьавуниги, ничаб жо бугониги гьей яс чIагойищ телей, яги жидер жагьилаб, ахIмакъаб гIадаталда рекъон, чIагого ракьулъищ лъелей абун ургъулев вуго гьев. Нуж балагьеха гIадамал, кигIан квешаб жо гьабулел ва кинаб ахIмакъаб хIукму гьабулел ругел гьел мушрикал.**

**60. Жидеца Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъоларел гIадамазул мисал цIакъ квешаб мисал буго,** гьел жагьилал, гIакълу гьечIел гIадамал руго. **ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) тIадегIанаб мисал буго. Гьев Аллагь жиндир гуч бергьарав, жиндаса щибго жо бергьунарев вуго. Жинца гьабулеб хIукмуялъул гIадлу битIарав, хIикмат, пайда бугеб жо гурони гьабуларевги вуго.**

**6I. ТIадегIанав Аллагьасул гIадат букIарабани жинца мунагьал гьарун щинахъе гIадамазе жаза гьабулеб, жинца ракьалда тIад хьвадулеб щибго жо телароан** – гьедин гьалаг гьаризе мустахIикъал руго гIадамал гьез гьабулеб гIамалалда балагьараб мехалъ. **Кинниги Аллагьас гьезие гIазаб гьаби нахъбахъун тола цо пуланаб заман щвезегIан. Цинги гьел гIадамал гьалаг гьаризе Аллагьас (عز وجل) цIараб заман щведал гьел цохIо лахIзаталъ нахърахъун толаро, яги заман щвелалде цереги гьалаг гьаруларо.**


62. Гьел мушрикал руго жидеего букIине бокьулареб жо Аллагьасе букIин чIчIезабулел. **Малаикзаби Аллагьасул ясал руго абун абулел**. Цинги жидер мацIаз гьереси бицунеб буго ва жидее лъикIаб ахират букIине буго абунги абулеб буго. Гьез абухъин гьечIо амру! Щибго щаклъи гьечIо гьезие жазалъун жужахIалъул цIа букIиналда ва гьел жужахIалде реххараб мехалъ гьенир жанир абадиялъго рукIинеги руго.

**63. БичасхIагиха МухIаммад ﷺ, дудаса цереги ритIана дица аварагзаби жидер умматазде. Гьел умматазда щайтIаналъ берцин бихьизабуна жидерго квешаб гIамал.** Гьеб щайтIаналда нахърилъъун, аварагзаби гьереси гьарун хьвадана гьел умматазул гIадамалги**. Гьаб дунялалда**

**гьезул валиги, гьудулги, гьезие квербакъулеб жолъунги буго щайтIан.** ЦIакъ квешаб гьудул бугоха нужее гьеб! **Гьезие ахираталда цIакъ жинца унтизе гьабулеб гIазаб букIине буго.** Гьениб щайтIан гьездаса рикIкIалъизе буго, гьезие кверги бакъизе гьечIо, жегиги гьезда кIал гьикъун, гьезда тIад белъанхъун букIине буго: «Дица гьаричIо нуж къосине, нужго къосараллъун рукIана» - абун.

**64. Дица дуда гьаб Къуръан рещтIинабун буго, МухIаммад ﷺ, дуца гьеб умматалъе баян гьабизе гьел жиндилъ хилиплъун ругеб жо. ХIакъаб дин гьезие баян гьабизе, хIакъаб – батIулаб, хIарамаб – хIалалаб жо баян гьабизе. Гьаб Къуръан Аллагьасде иман лъурал гIадамазе гьел дунял-ахираталъул бахьибуголъиялде тIоритIулеб жо буго, гьезие бугеб рахIматги буго.** Къуръан муъминзабазе рахIматлъун букIин буго гьелда гIамал гьабиялдалъун гьел Аллагъ разилъиялда щолел рукIин, гьеб цIалиги жидер гIиабадатлъун букIин.

Гьеб Къуръан унтабазе дару букIин, пащманасе рохел букIин, къварилъи тIаде бачIарасе гьеб къварилъи тIаса босиялъе сабаблъун букIин. Унго-унго иманги лъун, ракIги Аллагьасде (عز وجل) буссинабун Къуръан цIалараб механ, гьев муъминчиясул щиб ният бугониги гьеб ният тIубаялъе сабаблъун букIуна Къуръан.


الجزء الرابع عشر سورة النحل

وَٱللَّهُ أَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَحۡيَا بِهِ ٱلۡأَرۡضَ بَعۡدَ مَوۡتِهَآۚ إِنَّ فِي
ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّقَوۡمٖ يَسۡمَعُونَ ٦٥ وَإِنَّ لَكُمۡ فِي ٱلۡأَنۡعَٰمِ لَعِبۡرَةٗۖ نُّسۡقِيكُم
مِّمَّا فِي بُطُونِهِۦ مِنۢ بَيۡنِ فَرۡثٖ وَدَمٖ لَّبَنًا خَالِصٗا سَآئِغٗا لِّلشَّٰرِبِينَ
٦٦ وَمِن ثَمَرَٰتِ ٱلنَّخِيلِ وَٱلۡأَعۡنَٰبِ تَتَّخِذُونَ مِنۡهُ سَكَرٗا وَرِزۡقًا
حَسَنًاۚ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّقَوۡمٖ يَعۡقِلُونَ ٦٧ وَأَوۡحَىٰ رَبُّكَ إِلَى ٱلنَّحۡلِ
أَنِ ٱتَّخِذِي مِنَ ٱلۡجِبَالِ بُيُوتٗا وَمِنَ ٱلشَّجَرِ وَمِمَّا يَعۡرِشُونَ ٦٨ ثُمَّ
كُلِي مِن كُلِّ ٱلثَّمَرَٰتِ فَٱسۡلُكِي سُبُلَ رَبِّكِ ذُلُلٗاۚ يَخۡرُجُ مِنۢ بُطُونِهَا
شَرَابٞ مُّخۡتَلِفٌ أَلۡوَٰنُهُۥ فِيهِ شِفَآءٞ لِّلنَّاسِۗ إِنَّ فِي ذَٰلِكَ لَأٓيَةٗ لِّقَوۡمٖ
يَتَفَكَّرُونَ ٦٩ وَٱللَّهُ خَلَقَكُمۡ ثُمَّ يَتَوَفَّىٰكُمۡۚ وَمِنكُم مَّن يُرَدُّ إِلَىٰٓ
أَرۡذَلِ ٱلۡعُمُرِ لِكَيۡ لَا يَعۡلَمَ بَعۡدَ عِلۡمٖ شَيۡـٔٗاۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلِيمٞ قَدِيرٞ ٧٠
وَٱللَّهُ فَضَّلَ بَعۡضَكُمۡ عَلَىٰ بَعۡضٖ فِي ٱلرِّزۡقِۚ فَمَا ٱلَّذِينَ فُضِّلُواْ
بِرَآدِّي رِزۡقِهِمۡ عَلَىٰ مَا مَلَكَتۡ أَيۡمَٰنُهُمۡ فَهُمۡ فِيهِ سَوَآءٌۚ أَفَبِنِعۡمَةِ
ٱللَّهِ يَجۡحَدُونَ ٧١ وَٱللَّهُ جَعَلَ لَكُم مِّنۡ أَنفُسِكُمۡ أَزۡوَٰجٗا
وَجَعَلَ لَكُم مِّنۡ أَزۡوَٰجِكُم بَنِينَ وَحَفَدَةٗ وَرَزَقَكُم مِّنَ
ٱلطَّيِّبَٰتِۚ أَفَبِٱلۡبَٰطِلِ يُؤۡمِنُونَ وَبِنِعۡمَتِ ٱللَّهِ هُمۡ يَكۡفُرُونَ ٧٢

٢٧٤

**65. ТIадегIанав Аллагьас зодисан цIад рещтIинабула ва гьелдалъун жиб хун букIараб,** бакъван букIараб **ракь чIаго гьабула, гьелда тIад ах-хур, бижизе гьабула инсанас ва кинабго рухIчIаголъиялъ гьелдаса мунпагIат босизе. Гьеб бакъвараб ракьалда тIад батIи-батIиял нигIматал рижизе гьариялъулъги буго Аллагьасул хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел гIаламатал, жидеда бицараб жо рагIулел ва гьелъул вагIза босулел гIадамазе.**

**66. Нужеца жиндаса мунпагIат босулеб боцIиялъулъги** (хIайваназулъги) **руго нужее гIакълу ва гIибрат босизе далилал. Гьезул чохьониб бугеб жоялдаса дица нужее гьекъезе кьола, биялдаги чороклъиялдаги гьоркьоса батIа гьабураб, бацIцIадаб, хъахIаб, гьуинаб рахь. Жиб гьекъолезе цIакъ бокьулеб ва бигьаго, тамахго гьекъезе бегьулеб.**

Цо хIикмат буго гьеб боцIи: варанаби, гIачи, гIиял, хьунул инсанасе квегъун рукIин. Гьезда тIадги рекIуна, гьезул рахьги бечIчIула, гIалахалде рачун, цинги рукъоре рачун гьел хьвадизеги гьарула. Аллагьас (عز وجل) нилъее квегъичIеб жо инсанасда квегъизеги кIолеб гьечIо. Гьаб гIемераб заманалъ нилъеда бихьулеб буго Аллагьас инсанасе квегъун кьураб гуреб цогидаб рухIчIаголъи квегъун, гьелдаса инсанас мунпагIат босулеб гьечIеблъи.

КIиабилеб хIикмат буго хIайваназдаса бачIунеб рахь: Чороклъиялдаса ва биялдаса батIа гьабун жиб бачIараб, кинабгIаги жиндилъ я биялъул, яги чороклъиялъул кьерниги, махIниги гьечIеб. Гьадинал хIикматал ва гIаламатал гIемер руго жинца пикру гьабулев чиясе Аллагьасул (عز وجل) хIалкIолъиялдаги гьев цохIогояв Халикъ вукIиналдаги тIоритIел гьабулел.

**67. Гьединго нужее гIаламатал руго чамастакил ва цIолбол пихъалъулъги. Гьеб пихъалдаса нужеца мехтулеб жо гьабула ва берцинаб кваналеб жоги гьабула. Гьаб рехсараб жоялъулъги Аллагъ цо вукIиналда, гьесул хIалкIвеялда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго жидер гIакълу ва пикру бугел гIадамазе.**

**68. Дур БетIергьан Аллагьас наялда вахIю гьабуна, МухIаммад ﷺ, нужеца рукъзал ккве абун мегIералда тIад, ахикь, рохьоб.** Нуж данделъун цо хъизамлъун хIалтIулеб нуж жанир чIолеб бакI ккве. **Гьединго нужеца рукълъун ккве гIадамас гьабураб жоги.**


**69. Цинги нужеца кванае ва цIуе кинабго пихъалдаса ва тIегьалдаса: Гьеб тIегь-хер цIехон Аллагьасул (عز وجل) нухаздаги хьваде нуж квегъараллъун ругеб хIалалъ. Цинги гьел наязул чехьалдаса къватIибе бачIуна гьуинаб лъим, жиндир кьер батIи-батIияб, тIагIам батIияб, жинда**

**жаниб гIадамазе дару бугеб. Гьаб наялъул хабаралъулъги руго Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал, жидеца пикру гьабулел гIадамазе.**

**70. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жинца нуж рижарав. Цинги гьес руго нуж хвезаризеги. Нужер цоял Аллагьас цIакъго кIодолъизегIан чIаго тола:** жиндир гIакълуги загIиплъизегIан, черхги чияр цIобалде ккезегIан. **Жинда лъалеб букIараб жоги кIочене ва живги лъимералда релълъун лъугьине. ХIакълъунго Аллагь жинда щибаб жоялъул маслихIат лъалев вуго ва жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе хIалкIолевги вуго.**

**7I. ТIадегIанав Аллагьас нужер цоял тIокI гьаруна цогидаздаса жидее кьураб ризкъиялдалъун. Дица жидее ризкъи цIикIкIун кьурал, жал ханзабилъун гьарурал гIадамал гьечIо жидеца гьеб бечелъиялдаса щибго жо жидер лагъзадерие кьолеллъун, цинги гьел лагъзалги гьел ханзабиги ращад рукIине. Гьез Аллагьасул (عز وجل) нигIматазда инкарищха кколеб бугеб?**

**72. Аллагьас (عز وجل) нужерго напсаздаса нужее руччаби гьаруна. Гьел руччабаздаса нужее васал ва васазулги лъимал гьаруна. Аллагьас (عز وجل) хIалалал, тIагIамал ва лъикIал нигIматал кьуна. Гьаб кинабго жо хIакълъун хадуби гьел мушриказ батIулаб жоялда иман лъун хъанчазе лагълъи щай гьабулеб ва Аллагьасул нигIматазда инкарги щай кколеб?**




**73. Жидеца Аллагьасе гьабизе тIадаб лагълъи гьабулеб буго щибго жидее мунпагIат, яги зарал гьабизе кIоларел, зобалаздасаниги ракьалдасаниги жидее ризкъиги кьоларел алагьзабазе.** Зодиса цIад базабизе кIоларел, ракьалда хур-хер бижизабизе кIоларел. **Гьеб жо гьабизе абун лъугьаниги жидер щибго гьунар-къуватги гьечIел.**

**74. Нужеца щибго жо Аллагьасда (عز وجل) релълъине гьабуге. Гьесда цониги рахъалъ жинца релълъинлъи гьабулеб жо гьечIо. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жоялъул хIакъикъат лъалев вуго. Нужеда лъалеб жо гьечIо гьев Аллагьасул къадруялдаса ва кIодолъиялдаса.**

**75. Аллагьас (عز وجل) мисал бачун нужее баян гьабулеб буго** нуж кантIизе бокьун ва нужее вагIза лъугьине бокьун: **цо лагъ вугони чияр ихтияралда гьоркь вугев, жиндир щибго жоялда хIалкIвейги гьечIев. Цоги чи вугони дица жиндие бечелъи кьурав ва жинца гьеб бечелъи садакъаде бикьулев, напакъадеги кьолев балъгого ва загьиралда. Гьав кIиявго чи ващад вугищха жидер даражаялъулъ ва къадруялъулъ!**

Аллагьас гьаб мисал бачун буго хъанчазе лагълъи гьабулел гIадамал кантIизе бокьун. Гьаниб лагъасул мисал буго хъанчал: Гьезул щибго жоги гьечIелъул ва гьезда щибго жоги гьабизе кIоларелъул. Гьел кин ращад рукIинел жиндир бечелъиги ханлъиги бугев чиясда, жиндие бокьухъин гьеб бечелъи хIалтIизабулев ва гьеб напакъадеги кьолев. Жиндир бечелъиги бугев, жиндие бокьараб жо гьабизе гьунарги бугев Аллагьасе гьабичIого лъагълъи, Аллагьасул махлукълъун бугеб, жидер щибго гьунар гьечIел, жидецаго гьарурал хъанчазе кин гьабулеб? Гьал чагIи ахIмакъал рукIин баянаб жо буго.

**Кинабго щукру ва рецц Аллагьасе буго.** Жинца мисал бачун хIакъаб жо баян гьабулев. **Кинниги, гIадамазул гIемерисел жидеда щибго жо лъаларел руго.** Жидер жагьиллъиялъ мушриказда лагъги ханги ватIа гьавизе лъалев гьечIо, жинца жо бижулев Халикъги, жив цогидас вижарав махлукъги ватIа гьавизе лъалеб гьечIо.


**76. ТIадегIанав Аллагьас цоги мисал баян гьабуна кIиго чиясул мисал бачун. Цояв вуго жинда мацI лъаларев, хIалтIи-пиша гьабизеги кIоларев, жиндир валиясда тIад бакIаб гьир**

**гIадин вугев. гьев киве вуссинавуниги ва щиб жо жинда малъаниги гьеб гьабизе кIоларев,** жиндаса цониги лъикIаб жоги лъугьунарев. **Гьев чи ващадав вукIунищ жинца гIадамазда лъикIаб жоги малъулев, живги битIараб нухда хьвадулев чиясда?**

**77. ТIадегIанав Аллагьасухъ (عز وجل) буго зобал-ракьазда жаниб бугеб, гIадамаздаса рикIкIадаб, гьезда бихьулареб ва лъалареб жоялъул гIелму. Къиямасеб къо чIеялъул амруги гьечIо цохIо бер къапи гIадаб жо гурони, жегиги гьелдасаги гIагарда буго гьеб къиямасеб къоялъул амру. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндие бокьарб жо гьабиз хIалкIолев вуго.**

**78. Аллагьас нуж киналго къватIир рахъизаруна эбелалъул чохьониса нужеда щибго жо лъаларел, щибго гьунар гьечIел загIипал лъималлъун рукIун. Цинги Аллагьас (عز وجل) нужеда бугеб берги, гIинги, ракIги гьабуна жинда жо бихьулеблъун, рагIулеблъун ва бичIчIулеблъун.** Гьал алатаздалъун нуж дунялалъул рукъоб чIаголъи гьабиялде тIоритIана. **Нуж рижарав ва нуж хьихьулев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вукIин лъан, гьесие щукру гьабизе ва гьес тIад къараб гIибадат гьабизе рижана нуж.**

**79. Аллагьасде инкар кколел гIадамал балагьуларищ зобал-ракьазда гьоркьор роржунел хIанчIазда, жал гьенир роржунеллъун гьарун ругел БетIергьан Аллагьас (عز وجل) ва гьел гьенир чIезеги гьаруларо гьев Аллагьасул къудраталъ гурони. Гьаб ццебехун бицараб жоялъулъги хIужа ва далил буго жидеца иман лъолел гIадамазе Аллагь цо вукIиналде ва гьесул къудраталде.**




**8I. Аллагьас нужее рагIадги гьабуна, гьес бижараб жоялдалъун букIунеб гьеб рагIадги. Аллагьас (عز وجل) мугIруздаги гьаруна нуж жанир чIезе бегьулел бакIал.** Нохъаби гьаруна, кьурул тIокъаби гьаруна нуж гъоркье лъугьине ва жанир рукIине. **Гьединго Аллагьас (عز وجل) нужее тIад ретIулеб ретIелги гьабуна, нуж бакъул бухIиялдаса цIунизе,** хасалил цIороялдасаги цIунизе. **Цогиги ретIел гьабуна нужее рагъде унеб мехалъ ретIулеб, тущманасул заралалдаса нуж цIунизе. Гьел киналго нигIматал Аллагьас нужее рижула гьелдалъун нуж гьесие мутIигIлъизе ва нужеда лъазе гьеб кинабго жо гьабизе хIалкIолев цохIо Аллагь (عز وجل) гурони гьечIевлъи.**

**82. Гьаб кинабго жо баян гьабун хадубги гьел мушрикал иман лъеялдаса руссани, дуца гьелъул кIвар гьабуге, МухIаммад ﷺ! Дуда тIадаб жо буго Аллагьас духъе кьураб рисалат гьезухъе щвезаби.** Гьезда иман лъезаби дуда тIад гьечIо, гьез иман лъечIо абун дуе заралги гьечIо. Гьезул гIамалазе жаза гьабизе бугев ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго.


**83. Гьел мушриказда лъала Аллагьас (عز وجل) жидее кьурал нигIматал.** Гьел нигIматаздаса бищунго кIудияб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг. гьезда гьоркьоса жив вугев, жидеда гьев хIакъав авараг вукIинги лъалеб. Гьедин бугониги мушриказ аварагасда инкар кколеб буго. Гьесде инкар кквеялдалъун, Аллагьасде (عز وجل) иман лъунгутIиялдалъун **цогидал киналго нигIматаздаги инкар ккурал руго гьел мушрикал. Гьезул гIемерисел куфруялдаго рукIун хвезеги руго ахираталда жужахIалде инеги руго.**

**84. Къиямасеб къоялъ дица щибаб умматалъул авараг вахъинавула жинца уммат Аллагь (** عز وجل**) цо гьавиялде ахIана абун нугIлъи гьабизе. Гьеб къоялъ капурзабазе изну кьоларо гIузру бачине ва багьанаби рицине.** Гьезул щибго хIужа гьечIеблъи ва гьез бицинесеб жо гьереси букIин лъалелъул. **Гьездаса щибго жоги тIалаб гьабуларо:** Аллагь разилъулеб гIамал гьаби, яги ргIи бицин: гьеб къо гIамал гьабулеб къо гьечIелъул, гьеб буго дунялалда гьабураб гIамалалде данде жаза гьабулеб къо.

**85. Дунялалъул рукъор куфру-ширкалда тIад чIун, Аллагьасде гIасилъун зулму гьабурал гIадамазе бугеб гIазаб гьезда бихьун хадуб, гьездаса гьеб гIазаб бигьа гьабуларо ва гьел гIазаб гьабичIого нахърахъунги толаро.** Къиямасеб къоялъ жужахIалъул агьлу гьенибе лъугьинабун хадуб гьезие гIазаб тIаса боси ва бигьалъи гьаби гьечIо. Муъминзабазул кIудиял мунагьал гьарурал гIадамал руго Аллагьасул гурхIелалдалъун жужахIалдаса къватIире рачунел.

**86. ЖужахIалда жанир рукIадго жидеца ширк гьабуразда рихьараб мехалъ жидедехун ширк гьабурал** (жидеца гьел алагьзабилъун ккуни рукIарал) **гIадамал, жидеца ширк гьабураз абула: «Я нижер БетIергьан! Гьале гьал руго нижеца дуеги гьабичIого жидее лагьлъи гьабурал» - абун. Гьезие жаваб гьабула нуж ругин гьереси бицунел гIадамал ва нужеца гьезие лагьлъи гьаби нужерго гIайиб бугин абун.**

**87. Гьеб къоялъ кинавго чи Аллагьасе мутIигIлъун, мукIурлъун ва гьесул амруялда нахърилъулъун рукIуна ва гьездаса цIакъ рикIкIад ун ратIалъун рукIуна дунялалда жидее гьересияб лагьлъи гьабурал алагьзаби.**




**88. Аллагьасда (**عز وجل**) инкар ккурал ва Аллагьасда иман лъеялдаса цогидал гIадамалги нахъчIварал капурзабазе гьезие бугеб гIазабалда тIадеги цогиги гIазаб гьабизе буго, гьез гьабураб пасалъи сабаблъун.** Жидеца иман лъунгутIи гьел жужахIалде лъугьинарулеб сабаб буго. Гьелдаги тIаде Аллагьасде иман лъеялдаса гIадамал нахъчIвайги, гьезие гIакъуба кьейги жинда цIакъго Аллагьасул ( عز وجل) ццим бахъунеб гIамал буго. Гьаб гIамал букIана Маккаялъул мушриказул ва къурайшиязул церехъабазул. Гьез гIемер гIакъуба кьуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахърилълъарал муъминзабазе. Гьел къурайшиязул хIамуца чIвана Сумаят абулей муъминчIужу. Исламалда жаний тIоцее шагьидлъана гьей. Гьелдаго хадув чIвана гьелъул рос Ясирги, жидеда Аллагь (عز وجل) разилъаял, гьезулгун гьалмагълъи нилъееги насиб гьабеял.

**89. Щибаб умматалъе нугIлъи гьабизе жидер авараг вахъинавулеб къоялъ, гьаб дур умматалъе нугIлъи гьабизе мунги вахъинавулеб къоялъ** гьабизе буго, МухIаммад ﷺ, дица гьел капурзабазе гIазаб. **Дица дуда Къуръанги рещтIинабун буго жинца кинабго жо баян гьабулеб ва Аллагьасе дин гьабулеб хIалги баян гьабулеб. Гьеб хирияб Къуръан жинца хIакъаб динул исламалда тIоритIулеб буго, умматалъе бугеб рахIматги буго ва муъминзабазе рохелги буго.**


**90. ТIадегIанав Аллагьас нужеда гьоркьоб гьабулеб ишалъулъ берцинал тIабигIатал хIалтIизареян амру гьабулеб буго. ХIукму гьабулеб мехалъ гьеб битIун гьабеянги, киналго гIадамазе лъикIлъи гьабе абунги. ГIагарлъиялда гьоркьоб гурхIел-рахIму цIуне абунги амру гьабулеб буго ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**). Гьединго Аллагьас нуж нахъчIвалел руго кинабго къабихIаб жо гьабиялдаса. Мункараб жо гьабиялдасаги нахъчIвалел руго. Гьединго Аллагьас (**عز وجل**) нуж нахъчIвалел руго зулму гьабиялдасаги. Аллагьас нужее гьадинаб берцинаб вагIза гьабулеб буго, нужеца гьеб вагIза босизе бокьун ва иман лъун лъикIаб гIамал гьабизеги бокьун.**

**9I. Нужеца Аллагьасе (**عز وجل**) гьабураб къотIи тIубазабе,** гьесул расуласе ва муъминзабазе гьарурал къотIабиги тIуразаре гьеб къотIи гьабун хадуб**. Нужеца гьаял гьедараб мехалъ ва гьеб гьа**

**Аллагьасул цIаралдалъун щулаги гьабураб мехалъ, гьеб гьаги хвезабуге, нужеца Аллагь гьавун вугелъул гьеб нужер гьаялъе нугIлъун ва гьеб цIунулевлъун. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

**92. Нужги рукIунге жинда гIемер гIакъубаги бихьун жинца кун дургъулей** (пряльщица), **цинги кинабго хIалтIи тIубараб мехалъ жинца дургъараб кун бичун ва биххун балей гIаданалда релълъун. Нужеца нужер гьаял ва къотIаби кколел руго цояз цоял гуккизе, гьезие хиянат гьабиялъе сабаблъун. Гьеб цIакъ гIодобегIанаб гIамал буго. Гьеб гIамал нужеца гьабулеб буго цо къокъа цогиялдаса гIемераб ва къуватаб букIин лъараб мехалъ. ТIадегIанав Аллагьас нужер хIалбихьи гьабулеб буго** гьел батIи-батIиял къокъабигун нуж дандчIвазарун, **нужеца къотIи тIубаладай абун, цинги къиямасеб къоялъ нужее Аллагьас баянги гьабизе буго нужеца гьабунщинаб гIамал.**

**93. ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) бокьун букIарабани киналго гIадамал цохIого умматалъул гьарилаан.** Киназулго бечелъи-мискинлъи цоцада релълъарал, цоцалъ къацандулел къокъаби гьечIого, цоцалъ рекъарал, цохIо хIалалъ Аллагьасе дин гьабулел. **Кинниги, Аллагьасул хIикматалда рекъон цоял хIакъаб диналда тIоритIун руго, цогидал нух къосараллъун тун руго.** Цо гIадамал бахьибугеллъун гьарун руго, цогидал бахьикъосаллъун гьарун руго. Цо къокъа алжаналъул нигIматал кваналеллъун гьарун руго, цогидал жидедалъун жужахI боркьулеллъун гьарун руго. **Ахираталде щвараб мехалъ щивав чиясда жиндир гIамалалдаса гьикъизе буго.** Ва кигIан гьитIинабниги ва кIудиябниги жояльe жаза гьабизе буго.




**94. Нужеца нужеда гьоркьоб гьабулеб къотIи ва Аллагьасул цIар гьоркьоб ккун гьедулеб гьаги гьабуге цояз цоял гуккиялъе сабаблъун. Гьедин гьабулеб бугони нуж хIакъаб жоялда рукIун хадуб гьелдаса хъущтIарал ва мекъи ккарал рукIуна. Гьеб гIамал гьабулеб бугони Аллагьас (عز وجل) нужеда цIакъ квешаб гIазаб чIамизабизе буго. Ахираталдаги жужахIалъул гучаб гIазаб букIина нужее.**

**95. Нужеца Аллагьасе (عز وجل) ва гьесул расуласе гьабураб къотIи хвезабун, гьеб бичун дунялалъул дагьабго пайда босуге. Ахираталда Аллагьасда аскIоб бугеб жо нужее цIакъ лъикIаб буго. Нуж лъикIаб-квешаб жо батIа гьабизе лъалел гIадамал ратани, нужеца гьеб квешаб гIамал гьабуге.**

**96. Дунялалда нужеда кодоб бугеб жо жиб паналъулеб букIин хIакъаб буго. Ахираталда Аллагьас (عز وجل) хIадурун бугеб алжаналъул нигIматал тIаса унарел, абадиялъго нахъе хутIулел руго. БичасхIаги абун гьедулев вуго дун: дица гьез гьабураб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб ва берцинаб жаза гьабила Аллагьасул дин сабаблъун бачIараб къварилъиялда сабру гьабун, гьеб дин цIунун жал хьвадарал муъминзабазе.**

**97. Бихьинал ругониги, ручIаби ругониги жидеца Аллагьасда иманги лъун, аварагасда нахъги рилълъун, шаргIалда ритIун хьвадун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел: дица гьел гIадамал дунялалъул рукъор берцинаб чIаголъиялда хьвадизарила. Ва** ахираталда **дица гьезие жидеца гьабураб лъикIаб гIамалалдаса цIакъ лъикIаб, гIемераб ва берцинаб жазаги гьабула.**

**98. Дуе Къуръан цIализе бокьараб мехалъ, гьеб цIализе байбихьуда «АгIузубиллагьимина щайтIанирражим» абе.** Дица Аллагьасул цIаралдалъун щайтIаналъул квешлъиялдаса цIуни гьарулеб буго, гьелъ дир рекIелъе щаклъи ккезабиялдаса гьаб Къуръан хIакъаб Аллагьасул (عز وجل) калам букIиналъулъ, гьелъ дида цIалараб жо мекъи (гIаксалда) бичIчIизабиялдасаги.


**99. Гьеб щайтIаналъул гьунар гьечIо Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал ва иманалъулъ ритIухъал чагIи къосинаризе. Аллагьасда таваккал тIамулел** ва кинабго къварилъиги, гIатIилъиги гьесдаса букIин лъалел **гIадамазда тIадги гьунар гьечIо гьеб щайтIаналъул.**

**I00. Гьеб щайтIаналъул гьунар буго жиб тIаса бищарал, жинда нахърилълъарал чагIи къосинаризе. Гьелъие лагълъи гьабун Аллагьасде ширк гьабулел гIадамал къосинаризеги.**

**I0I. Дица цо аяталъул хIукмуги хвезабун цоги аят рещтIинабураб мехалъ гьел мушрикаца дуда абулеб буго, МухIаммад ﷺ, дуцаго ургъулеб бугин Къуръан абун ва дуца Аллагьасде (عز وجل) гIунтIизе гьабун гьересиги бицунеб бугин. Аллагьасда лъала щиб аят рещтIине кколеб ва кида рещтIине кколеб. Гьел гIадамал гIемерисел руго жидеда щибго жо бичIчIуларел ва лъаларел.** Жидеда ракIалде ккараб жо бицунел.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: ТIадегIанав Аллагьас цо аят насхо гьабун цоги аят рещтIинабураб мехалъ Маккаялъул мушриказ абулеб букIана: гьав МухIаммад жиндир асхIабзабазда тIад велъалъанхъулев вуго. Жакъа цо жоялдалъун амру гьабулеб буго гьезда, метер гьебги хвезабун цоги жоялдалъун амру гьабулеб буго. Валлагьи, гьев МухIаммадица жинцаго ургъун бицунеб жо буго гьеб абун. Цинги тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб хадуб бугеб аят рещтIине гьабуна:

**I02. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: дида гьаб Къуръан рещтIинабула бищунго Аллагьасул божарав расуллъун вугев Жабраилас, гьесул амруялдалъун ва гьев Аллагьасе жинца гьабулеб ишалъулъ цIакъ хIакимияв ва гIадилав вуго. Иман лъурал гIадамал хIакъаб диналда чIчIезаризе ва гьезие жегиги хIужаби рицун, далилал рачун хIакъаб нухда гьел тIоритIизе ва киналго бусурбабазе рохеллъунги букIине рещтIинабуна Аллагьас (عز وجل) гьаб Къуръан-абун.**




**I03. Дида лъала, МухIаммад ﷺ, мушриказ абулеблъи гьеб Къуръан дуда гIадамаз малъараб жо бугоян абунги. гьез гьереси бицун дуда Къуръан малъулев чи вугоян абулесул мацI буго гIажамияб мацI. Гьаб Къуръанги цIакъ пасихIаб гIараб мацIалда буго, гьалда релълъараб жо гьел къурайшиязда гьабизе кIолареб.** Гьединаб пасихIаб гIараб каламалдалъун гIажамияв чи кIалъалареблъи лъазе ккеларищ гьел инкарчагIазда?

**I04. Жидеца Аллагьасул Къуръаналдаги, гьесул мугIжизатаздаги иман лъуларел гIадамал Аллагьас (عز وجل) хIакъаб нухда тIоритIуларо ва гьезие ахираталда жидее унтизабулеб гIазабги букIине буго.**

**I05. Аллагьасде (عز وجل) гIунтIизабун гьереси бицуна жидеца иман лъоларел гIадамаз. ХIакъикъиял гьересичагIи руго куфру-ширкалда чIарал, мунагь-хIакъалдаса хIинкъуларел гIадамал.**

**I06. Цин иман лъун букIун хадуб жинца куфруялъул рагIи абурав, гьеб куфру жиндир ракIалъеги бокьарав, гьелда жив парахалъарав чиясе** Аллагьасул цIим бахъи буго ва гьесие ахираталда цIакъ гучаб гIазабги букIине буго. **Жиндие зулму гьабун, жиндир хIал загIиплъун кIалалъ капурлъулеб рагIи абун, ракI иманалъулъ хIалхьон бугев чиясе гьечIо Аллагьасул (** عز وجل**) цIим бахъин ва ахираталда жужахIалъул гIазабги. Киниги ракIалъеги бокьун куфро тIаса бищарал гIадамазе Аллагьасул (عز وجل) цIим бахъин буго ва гьезие ахираталда кIудияб гIазабги букIине буго.**

Гьаб аят рещтIинабуна ГIаммар (ра) асхIабасул хIакъалъулъ. Жинда рихьулеб бакIалда гьесул эбел Сумаят ва эмен Ясирги чIван хIобода вухьун цIалаца ва тIилаца кьабун гIазаб гьабураб мехалъ гьев ГIаммарица мушриказе бокьараб рагIи абуна, жиндир напс хвасар гьабун. Гьеб хабар рагIараб мехалъ асхIабзабаца абуна гьев ГIаммар капурлъанин абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«ГIаммар капурлъичIо. Гьев иманалъул цIун вуго жиндир тIоноцIалдаса байбихьун хIатIазде гьоркье щвезегIан. Гьесул гьаналдаги биялдаги иман жубан буго» – абун. Цинги ГIаммар вачIана аварагасухъе живги гIодилаго. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьесда абуна: «Дур ракI кин бугеб, ГIаммар?» - абун. ГIаммарица абуна: «Дир ракI иманалъулъ хIалхьон буго» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьанжеги дуе гIазаб гьабуни дуца гьеб рагIи абизе бегьила»* - абун.


**I07.** Иман лъун хадуб муртадлъаразе гьединаб гучаб гIазаб гьабиялъе сабаб буго **гьез ахиратги тун дунялалъул чIаголъи тIаса бищун букIин. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) капураб къавм тIобитIуларо хIакъаб исламияб диналда.**

**I08. Гьел руго Аллагьас жидер ракIазда мугьру чIварал, жидер гIиналда ва бералда мугьру чIварал. Гьезда хIакъаб жо лъаларо ва гьелдаса гьапуллъун рукIуна.**

**I09. ХIакъаб жо буго гьал гIадамал ахираталда цIакъ чIорого хутIарал рукIин.** Гьез ахираталда батулеб лъикIаб гIамал гьабичIелъул.

Муртад абула иман лъун букIун хадуб куфруялде арав чиясде. Гьел гIадамал цIакъго гIадада хварал руго. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьезие анлъго сипат гьабуна гьаб анлъго аяталда жаниб: Аллагьасул ццим бахъи, къиямасеб къоялъул гучаб гIазаб гьабизе букIин. Жидеца ахираталдаса дунял тIаса бищун букIин. Гьезие Аллагьасул (عز وجل) тIоритIел букIунареблъи. Гьезул ракIазда, гIиналда ва бералда мугьру чIван букIин. Гьел гъапулал гIадамал рукIин.

**II0. хIакълъунго тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) мунагьал чурана ва гьев тIаса лъугьана Маккаялда ругеб мехалъ жидее зулму гьабулел рукIарал, цинги гьижра гьабун Мадинаялде рачIарал, Аллагьасул диналъе гIоло гъазаватги гьабурал ва гьесул диналъе гIоло жидеда щвараб къварилъиялда сабруги гьабурал гIадамаздаса. Аллагь (عز وجل) гурхIулев ва мунагьал чурулев вуго.**




**III. Дуца умматалъе бице, МухIаммад ﷺ, гьеб къиямасеб къоялъул хабар. Щибаб напс жиндирго ургъел гьабун ва жиб гIазабалдаса хвасарлъизе бокьун бачIунеб. Гьеб къоялъ щибаб напсалъе жинца гьабураб гIамалалъухъ жаза гьабула ва цинги напсалъе зулмуги гьабуларо.** Квешлъи тIаде цIикIкIизабуларо, лъикIаб гIамал нукъсан гьабуларо.

**II2. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) мисал бачунеб буго; цо росдал мисал буго гьеб: жиб къварилъиялдаса божараблъун букIараб, жиндир агьлуги ракI хIалхьан гIодоре риччан рукIараб. Жидехъе ризкъиги бачIунеб букIараб кинабго рахъалъан гьарзаго ва щибго жидеда гIакъуба бихьичIого. Цинги жидеца Аллагьасул нигIматазда инкар ккурал, гьесие щукру гьабичIел ва гьесда иман лъечIел. Цинги Аллагьас гьезда чIамизабураб хIинкъиялъул ва ракъиялъул гIазаб, гьез гьабураб квешаб гIамал сабаблъун.** Аллагьасде гIассилъи сабаблъун ва гьесул нигIматазе щукру гьабунгутIиги сабаблъун.

Рази абулев гIалимас абуна: «Гьаб мисал буго Маккаялъул агьлуялъе бачараб. Гьел рукIана Аллагьас (عز وجل) жиндилъ божилъи гьабураб Маккаялда, жиндир ризкъиги гIатIидаб, щиб жо къваригIаниги, гьеб жидеда тIадеги бачIунел, жидер напсалги гIодоре риччан, хIалхьон ругеб. Гьелдаги тIаде Аллагьас цIакъго кIудияб нигIмат кьуна Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг витIун жидедаго гьоркьоса. Цинги жидеца гьесда инкар ккун, гьесие цIакъ кIудиял къварилъабиги гьаруна. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьезие гIазаб гьабуна анкьго соналъ тIатIалаго цIад къотIизабун, хур-хер бижинабичIого, жидеца балкан кванаялде ва рукьби кванаялде ккана гьезул амру»-абун.

**II3. Гьезухъе Аллагьасул расул вачIана жидедаго гьоркьоса, гьез гьев гьереси гьавуна. Гьел гIазабалъги ккун жидеца зулму гьабулеллъун ругеб хIалалъ.**

**II4. Аллагьас (عز وجل) нужее кьураб хIалалаб, бацIцIадаб ризкъиги кванай ва гьесие гьел нигIматазда данде щукруги гьабе. Нуж Аллагьасе (عز وجل) лагълъи гьабулеллъун ратани, гьесул амру-нагью тIубан хьваде.**


**II5. Аллагьас нужее кваназе хIарам гьабун буго капурго хвараб жо, биги хIарам гьабуна, болъонил гьанги хIарам гьабуна, жинда тIад Аллагь (عز وجل) гуресул цIар бахъун хъураб жоги хIарам гьабуна.** Цо ханасул, цо хъанчалъул, яги цо хIакимасул цIаралда хъураб жо буго гьеб. Гьедин хъвезе хIарамаб буго, гьедин хъуралъул гьан кваназеги хIарамаб буго.

**Жив вакъун чара тIагIарав чиясе бегьула гьел хIарам гьабурал жалаздаса жидер рухI хвасар гьабизегIанаб къадар кваназе.** Гьев чиги халатаб сапаралда вукIине ккола, гIадамазе зулму-хIал гьабулев, гъачагълъи гьабулев вукIине бегьуларо. Жинца хIарамаб жо гьабулев чиясе Аллагьасул рухсаби (бигьалъаби) хIалаллъуларо. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.**

**II6. Нужеца лъалареб жо бицун, нужеего бокьараб сипатги гьабун: гьаб жо хIалалаб буго, гьаб цояб хIарамаб бугоян абуге, я гьал мушрикал. Гьеб хабаралдалъун нужеца Аллагьасдеги гIунтIизабун гьереси бицунеб буго.** Жинца хIалал гьабулев ва хIарам гьабулев цохIо Аллагь (عز وجل) гурони гьечIо. **Гьедин Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бицунел гIадамазул лъикIлъиялда кверщел батуларо, гьезие дунял-ахираталъул бахьибуголъиги щоларо.**

**II7. Гьаб дунялалда дагьабго заманаялъ мунпагIат босула гьел капурал ва мушрикал гIадамаз, цинги ахираталда гьезие жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб букIуна.**

**II8. Ягьудиязе дица хIарам гьабуна, МухIаммад ﷺ, цебе дуда бицараб жо.** Суратул ангIамалда бицана гьезие тIатIиги хIарам гьабуна абун, малъ бугеб жоги хIарам гьабуна абун, ай цо малъ бугеб хьвани, варани хIарам гьабуна ягьудиязе. **Дица гьезие щибго зулму гьабичIо. Гьел руголъана жидеца напсазе зулму гьабулеллъун.** Гьез жидецаго хIарам гьабуна гьеб ва дица гьез хIарам гьабураб хIалалъ тана.




**II9. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) тIаса лъугьуна, МухIаммад ﷺ, жидеца квешаб гIамал гьабурал гIадамаздаса, жидеда гьеб жо хIарамаб букIин лъачIого, цинги жидеца тавбу гьабурал ва лъикIаб гIамалги гьабурал. Гьедин тавбу гьабун ва лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазда гурхIулев, гьездаса тIаса лъугьунев вуго тIадегIанав Аллагь (عز وجل).**

**I20. ХIакълъунго Ибрагьим (гIв) авараг вукIана жинда гIадамал нахърилъулъунев имамлъун. ЦIакъ Аллагьасе мутIигIавги вукIана. Кинабго батIулаб диналдаса вуссун хIакъаб динул исламалда чIарав вукIана. Гьев Ибрагьим авараг жинца ширк гьабулев вукIинчIо ва жидеца ширк гьабулел ягьудияздаса, яги насранияздаса вукIинчIо.**

**I2I. Жинца Аллагьасул нигIматазда щукру гьабулевлъунги вукIана гьев Ибрагьим (гIв) авараг. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьев тIаса вищана авараглъи кьеялъе ва исламияб диналда тIовитIаравлъунги вукIана.**

**I22. Дунялалъул рукъобги дица Ибрагьим аварагасе лъикIлъи кьуна ва лъикIаб рехсей кьуна. Ахираталъул рукъовги гьев лъикIал чагIаздаса вуго.** ТIадегIанал макъамазда рукIунел аварагзабаздаса вуго. Дунялалъул рукъоб Ибрагьим аварагасе бугеб лъикIлъи гIеларищха Исламияб дин жиндаса байбихьарав гьев вукIин, жиндаса хадур ругел киналго диназулъ жив веццарав, жиндаса мисал босулев вукIин. Кинабго халкъалъул Сайидлъун вугев МухIаммад ﷺ авараг гьесул наслуялдаса вукIин. Щибаб какилъ кинавго муъминчияс хирияв

МухIаммад аварагасда цадахъ жиндаги свалат битIулев вукIин. Аллагьасул свалат салам лъеги гьев Ибрагьим аварагасда.

**I23. Цинги дица дудаги вахIю гьабуна, МухIаммад (عز وجل), мун гьев Ибрагьим аварагасул диналда нахъвилълъа абун. Кинабниги батIулаб жоялдаса бацIцIадаб исламияб диналда нахъвилълъа абун. Гьев Ибрагьим (гIв) авараг жидеца ширк гьабулел гIадамаздаса ва гьезул диналда вукIинчIо.**

**I24. Шамат къоялъ хIалтIи-пиша гьабунгутIи ва гьеб къо кIодо гьаби Ибрагьим аварагасул диналдаса жо букIинчIо. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго, МухIаммад ﷺ, къиямасеб къоялъ цоцаде хилиплъун рукIарал умматазда гьоркьоб хIукму гьабулев. ХIакъаб ва батIулаб диналда рукIарал ратIа гьарулев ва щивасул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабулев.**

**I25. Дуца Аллагьасул (عز وجل) диналде гIадамал ахIе, МухIаммад ﷺ, гIакъилал гIелмиял хIужабаздалъун ва берцинаб каламалдалъунги. Гьезда гурхIел гьабун, тамахго ва хIеренго ахIе гьел Аллагьасде иман лъеялде. Диналде рачIинчIел, гьеб диналъул хIакъалъулъ дудехун бахIс гьабулел гIадамазеги берцинаб мацI бице ва хIужа-далил бачун кIалъай. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго хIакъаб диналда ругел, гьеб диналда чIолел гIадамазул тIабигIат-хIал. Гьединго Аллагьасда лъала хIакъаб диналдаса къосарал гIадамазул хIалги.**

**I26. Нужедехун зулму гьабурал гIадамазе Нужеца гIакъуба гьабулеб бугони,** гьеб гIакъуба гIорхъолъан борчIараб, шаргIалда хилипаб хIалалъ гьабуге. **Нужее гьабуралда релълъараб гьабун къисас босе. Ва амма нужеца сабру гьабуни ва нуж тIаса лъугьани, гьеб лъикI буго ва ахираталда батулеб, гьениб ажру-кири щолеб жо буго.**


**I27. Бищунго лъикIаб буго сабру гьабизе ва тIаса лъугьун тезе кIвани. Гьадин бугелъул, дуца сабру гьабе, МухIаммад ﷺ, гьеб сабру гьабиги букIунаро Аллагьас дуе тавпикъ гьабун гурони. Капурзабаца дуе гьабулеб къварилъиялда ва гьез иман лъолеб гьечIо абун дур ракIги къварилъуге. Гьез дуде данде гьабулеб макруги гьезул жагьиллъи-ахIмакълъиги дур керен къварилъиялъе сабаблъун гьабуге.**

**I28. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир гIазабалдасан хIинкъарал, жив разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабулел муъминзабигун цадахъ вуго. Гьел муъминзаби руго Аллагьасда аскIор жал лъикIаллъун ругелги.**

## I7. Сурату Исраъ

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIила цо аят бугеб.

**I. Жив ВацIцIадав ва тIадегIанав вуго Аллагь, жиндир лагъ МухIаммад ﷺ авараг, сардил цо дагьабго заманаялда жанив Масжидул хIарам –** Маккаялда бугеб КагIба рукъалдаса **Палестиналда бугеб Масжидул акъсаялде вачарав. Гьаб «масжидулакъса» буго дица жиб бугеб ракь цIакъ баракатаблъун гьабураб.** Бищунго кIудияб баракат буго гьеб ракь букIин гIемерал аварагзаби тIад хьвадараб, гьел аварагзабахъе вахIю босун малаикзаби рештIараб. Гьединго гьеб ракь буго дунялалъул нигIматал гIемераб, ах-хур гьарзаяб, гьава-бакъ рекъараб «Шам» абун жинда цIар бугеб ракь. Дица МухIаммад ﷺ авараг сардилъ зобалазде вачана **гьесда рихьинаризе дир махлукъаталъул гIажаибал жал. ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо ргIулев вуго, Жинда кинабго жо бихьулевги вуго Аллагь (عز وجل).**




**2. Дица Муса аварагасухъе Таврат кьуна ва гьеб Тавратги гьабуна жинца бануисраилал жагьлуялъул бецIлъукьан ва куфру-ширкалдаса исламалъул ва гIелмуялъул нуралде рачунеблъун.**

**Гьеб Тавраталда жаниб амру гьабуна нужеца дун гурев цоги щивго чи ккоге абун жинда божилъи гьабулев ва нужер амру жинда тIамулев.**

**3. Дун кIалъалев вуго НухI авараггун цадахъ иман лъун рукIарал гIадамазул зурриятал да. ХIаклъунго НухI (гIв) авараг вукIана Аллагьасе щукру гIемер гьабулев лагълъун.** Нужги гьев НухI аварагасда нахърилълъа ва ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) щукру гьабе.

**4. Дица бануисраилазда рещтIинабураб Тавраталда жаниб гьезда бицана ва гьезда лъазабуна жидеца ракьалда тIад кIиго нухалъ пасалъи гьабизе бугин абун.** Палестиналъул ва гьелда сверухъ бугеб ракьалда гьабулеб пасалъи буго гьеб.


Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: авалаб пасалъи букIана гьел ягьудияз жидер авараг Закария чIвай. КIиабилеб пасалъи букIана ЯхIя авараг чIвай, жидеда Аллагьасул свалат салам лъеял.

**Ва нуж цIакъ чIухIунги хьвадизе ругин гьаб ракьалда тIад абун** лъазабуна дица гьезда Тавраталда жаниб. Аварагзабазул ватIанлъун бугеб, Аллагьас бацIцIадаблъун гьабураб ракьалда нужеца зулму гьабизе буго, биялги гIодоре тIезе руго, Аллагьасул рукъзалги чIунтизаризе руго абун. ГIиса авараг вахъине 600 сон цебе Бухтунасар абулев мажусияв хан тIаде тIамуна Аллагьас гьел Бануисраилазда ва гьезул ракьазда. ГIиракъалъул Бабил абураб ракьалдаса байбихьун гьев Бухтунасарица Мавсил абулеб бакI, Сирия, Палестина бахъана ва гьезда тIад магъало лъун букIана.

**5. Дица бицараб хIалалъ авалаб пасалъи гьабураб мехалъ, дица нужеде тIаде тIамуна дир залимал лагъзал.** Гьаб буго абуна Бухтунасар абулев ханасул цIадуе лагълъи гьабулеб букIараб къавм. Гьез чIван, асир гьарун, инжит гьарун бануисраилазул рижи тIагIинабиялде гIагарлъун букIана. Байтулмукъадасги биххизе гьабун букIана, гьениб букIараб бечелъиги нахъе босун букIана. **Гьел гIадамаз нужер росабиги сверун, нуж кир ругониги кодоре щвезарун чIвалелги рукIана. Гьаб нужее гьабураб зулмуги нужер гIамалалда рекъараб жаза букIана, БетIергьан Аллагьасул (** عز وجل**) хIукму къадаралдалъун жиб бугеб.**

**6. Хадубги нужеца тавбу гьабун, нуж Аллагьасе мутIигIлъун хьвадараб мехалъ нужее квербакъи гьабуна, гьеб залимаб къавмалъухъ букIараб нужер ватIанги нужехъе тIад буссинабуна. Нужер лъимал-хъизан гIемерлъизе гьаруна, гIемераб боцIи-малги кьуна. Гьедин гIемерлъизарун, боцIи-мал кьун, нужерго ракьги халкъги цIунизе кIолеллъун гьаруна дица нуж.**

**7. Нужеца лъикIаб гIамал гьабураб мехалъ, я бануисраилал, гьеб гIамал нужерго напсазе гьабураб лъикIлъи буго. Нужеца гьабураб квешлъиялъул заралги нужерго напсазе буго. Цинги нужеца кIиабизеги ракьалда тIад пасалъи гьабураб мехалъ** дица нужеде тIаде цоги залимаб къавм тIамуна нужер тущбабилъун жал ругел. **Жидеца нуж инжит гьарулел, нужер гьурмалги чIегIер гьарулел: Бухтунасарица гIадинго жидеца Байтулмукъадасги биххизабулел ва жидер хIал гIураб, квер щванщинаб бакI чIунтизабулел ва гьалаг гьабулел.** Гьел рукIана Персазул мажусиял – цIадуе лагълъи гьабулел гIадамал.


الجزء الخامس عشر سورة الإسراء
عَسَىٰ رَبُّكُمْ أَن يَرْحَمَكُمْ ۚ وَإِنْ عُدتُّمْ عُدْنَا ۘ وَجَعَلْنَا جَهَنَّمَ لِلْكَافِرِينَ
حَصِيرًا ﴿٨﴾ إِنَّ هَٰذَا الْقُرْآنَ يَهْدِي لِلَّتِي هِيَ أَقْوَمُ وَيُبَشِّرُ
الْمُؤْمِنِينَ الَّذِينَ يَعْمَلُونَ الصَّالِحَاتِ أَنَّ لَهُمْ أَجْرًا كَبِيرًا ﴿٩﴾
وَأَنَّ الَّذِينَ لَا يُؤْمِنُونَ بِالْآخِرَةِ أَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابًا أَلِيمًا ﴿١٠﴾
وَيَدْعُ الْإِنسَانُ بِالشَّرِّ دُعَاءَهُ بِالْخَيْرِ ۖ وَكَانَ الْإِنسَانُ عَجُولًا ﴿١١﴾
وَجَعَلْنَا اللَّيْلَ وَالنَّهَارَ آيَتَيْنِ ۖ فَمَحَوْنَا آيَةَ اللَّيْلِ وَجَعَلْنَا آيَةَ
النَّهَارِ مُبْصِرَةً لِّتَبْتَغُوا فَضْلًا مِّن رَّبِّكُمْ وَلِتَعْلَمُوا عَدَدَ
السِّنِينَ وَالْحِسَابَ ۚ وَكُلَّ شَيْءٍ فَصَّلْنَاهُ تَفْصِيلًا ﴿١٢﴾ وَكُلَّ
إِنسَانٍ أَلْزَمْنَاهُ طَائِرَهُ فِي عُنُقِهِ ۖ وَنُخْرِجُ لَهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ كِتَابًا
يَلْقَاهُ مَنشُورًا ﴿١٣﴾ اقْرَأْ كِتَابَكَ كَفَىٰ بِنَفْسِكَ الْيَوْمَ عَلَيْكَ حَسِيبًا
﴿١٤﴾ مَّنِ اهْتَدَىٰ فَإِنَّمَا يَهْتَدِي لِنَفْسِهِ ۖ وَمَن ضَلَّ فَإِنَّمَا يَضِلُّ
عَلَيْهَا ۚ وَلَا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ۗ وَمَا كُنَّا مُعَذِّبِينَ حَتَّىٰ نَبْعَثَ
رَسُولًا ﴿١٥﴾ وَإِذَا أَرَدْنَا أَن نُّهْلِكَ قَرْيَةً أَمَرْنَا مُتْرَفِيهَا فَفَسَقُوا فِيهَا
فَحَقَّ عَلَيْهَا الْقَوْلُ فَدَمَّرْنَاهَا تَدْمِيرًا ﴿١٦﴾ وَكَمْ أَهْلَكْنَا مِنَ الْقُرُونِ
مِن بَعْدِ نُوحٍ ۗ وَكَفَىٰ بِرَبِّكَ بِذُنُوبِ عِبَادِهِ خَبِيرًا بَصِيرًا ﴿١٧﴾
٢٨٣

**8. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужер тавбу къабул гьабула ва нужер мунагьалги чурула,** Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялда нуж руссани, нужеца ракьалда тIад гьабулеб пасалъи-зулмуги рехун тани. **Амма нужеца цIидаса пасалъи-зулму гьабулеб бугони нужее гIакъуба-гIазаб гьабизе, нужедаса рецIел босизе дунги тIад вуссуна. Дица ахираталда жагьаннамаги гьабун буго капураб, пасикъаб къавмалъе туснахълъун.**

Жинда жанир гьел даимго рукIунеб, цIаялдалъун жидее гIазаб гьабулеб рукълъун. Аллагьасул лагIнат батарал ягьудиял хадурги пасалъаби гьариялде тIад руссана ва гьезие гIакъуба гьабизе Аллагьас (عز وجل) батIи-батIиял лагъзалги тIамуна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасеги гьесул асхIабзабазеги хиянатал гьаридал гьел ягьудиял гIарабиязул ракьалдаса (Аравийский полуостров) нахъе къотIана. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIаб халифалъун вугеб заманаялъги Байтулмукъадас бусурбабаца бахъана ва ягьудиязда тIад жизят (магъало) лъуна. Хадубги гIемер заманаялъ жидер ватIан гьечIого дунялго цIун свердулел рукIана. Гьаб нилъеда лъалеб заманалъги Аллагьас гьезие зулму гьабизе Гитлер тIамун вукIана ва гьес миллионал ягьудиял чIвана.

**9. ХIакълъунго гьаб Къуръан буго жинца хIакъаб жоялдадинул исламалда тIоритIулеблъун. Гьалда бугеб жоялде иман лъун, жидеца лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе ахираталда цIакъ кIудияб ажру бугин абун жинца рохел бицунебги буго гьаб Къуръан.**

**I0. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) ва ахираталда иман лъоларел гIадамазе дица хIадурун буго жинца цIакъ унтизе гьабулеб гIазаб.**

**II. Гьев инсанас жиндие лъикIаб дугIа гьабулеб гIадин, яги гьелдасаги гIедегIун, жиндие ва агьлу-хъизаналъе квешаб дугIаги гьабулеб буго. Гьеб квешаб дугIа гьабунщинахъе Аллагьас (عز وجل) гьесие жаваб гьабун букIарабани гьев гьалаглъилаан.**

**I2. Дица сордо-къо цоялъ цояб хисун бачIиналда жаниб гIаламат гьабуна дун цо вукIиналда ва дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб. Дица сордоги гьабуна жиб бецIаблъун.** Жиндилъ гIадамал хIухьбахъиялда рукIине. **Дица къоги гьабуна жиндилъ канлъи бугеблъун нуж магIишат тIалаб гьабун хьвадизе ва нужеда заманалъул хIисаб гьабизе лъазе: анкь, моцI, лъагIел рикIкIун. Дица кинабго жо инсанасе баян гьабун буго мухIканаб баян гьабиялъ.**


**I3. Щивав инсанас гьабураб гIамалги дица гьесул габуралда тIаде рехун буго. Ахираталде щведалго Дица гьесда цебе тIибитIун рехула жиндир гIамал хъвараб тIехь.**

**I4. Ва дица гьесдехунги абула: «Гьалеха дур гIамал хъвараб тIехь, дуца гьеб цIале ва дур нафс гIезе буго жакъа дуе жинца хIисаб гьабулеблъун» - абун.**

**I5. Гьаб дунялалъул рокъов жив тIовитIаравлъун вукIарав чи - гьев вуго жиндирго напсалъе лъикIлъи гьабурав. Жив къосарав, жинда хIакъаб нух лъаларев чи жиндирго напсалъе къосарав вуго,** гьелъул заралги жиндиего буго**. Ахираталде щвараб мехалъ цониги напсалъ цогидаб напсалъул мунагь-хатIаъ баччуларо. Дица цониги умматалъе гIазабги гьабичIо гьеб умматалде аварагги витIун гьезда хIакъаб нух лъазабун хадуб гурони.**

**I6. Цо пуланаб росдал яги шагьаралъул агьлу гьалаг гьабизе дие бокьараб мехалъ** (гьезул зулму ва пасалъи гIемерлъун**) дица гьеб агьлуялъул церехъабазда амру гьабула исламияб диналда хьваде абун ва гIасилъи, пасикълъи те абунги. Цинги гьез ракьалда тIад хъубаб, чорокаб гIамал хIалтIизе гьабула. Цинги гьел киназдаго дир гIазабги хIакълъула. Цинги дица гьеб росоги росдал агьлуги цадахъ гьалаг гьабула,** гIадамалги хвезарула, рососги чIунтизабула.

**I7. ГIемер умматал гьалаг гьаруна дица НухI (гIв) аварагасдаса хадур рукIарал къарнабазулъ (гIасро, век). Дур БетIергьан Аллагъ гIезе вуго, МухIаммад ﷺ, жиндир лагъзадерил мунагьал лъалевлъун ва рихьулевлъун.**




**I8. Жиндие дунялги бокьун, гьеб дунялалъул чIухIи-рецц щвезе бокьун, Аллагьги ахиратги кIочон хьвадарав чиясе дица дунялалъул чIаголъиялдаса дие бокьараб жо кьола. Цинги ахираталда дица гьесие жагьаннама гьабула жив жанив вукIунеб бакIлъун. Аллагьасул рахIматалдаса рикIкIад гьавун, жив гIодовегIан гьавун гьениве жаниве рехун тола абадиялъего.**

**I9. Жиндие ахираталъул чIаголъи бокьарав, Аллагьасде ва ахираталде иманлъун, алжан щвеялде хьуллъун дунялалда живги хьвадарав, гьал гIадамал руго жидер гIамалалда данде ажру-кири щолел ва гьезул хьвадиялъе лъикIаб жазаги гьабулел.**

**20. Гьаб кIиябго къокъаялъул щивав чиясе дур БетIергьан Аллагьасул гIатIидал ва гIемерал нигIматаздаса ризкъи кьола.** Муъминчиясеги кьола, капурчиясеги кьола. **Гьеб буго Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб-рахIмат ва лъикIлъи. Дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) гьезие нигIматал кьей буголъичIо, МухIаммад ﷺ, жиб нахъчIвараблъун ва жиндие гIорхъи чIвараблъун.**

**2I. Мун валагье, МухIаммад, кин дица гьел гIадамал цоял цояздаса хира гьарун ругел: БичасхIаги, МухIаммад ﷺ, ахират буго бищунго даражаби тIадегIанаб бакI ва хиралъи-тIокIлъи бугеб бакIги.**

**22. Дуца Аллагьгун цадахъ цоги Аллагъ (عز وجل) гьавуге, я гьав инсан! Гьедин дуца Аллагьасдехун щибго жо ширк гьабуни, мун Аллагьасда аскIов цIакъ гIодовегIанав лъугьуна,** дуе щибго квербакъи кумекги щоларо.

**23. Дур БетIергьан Аллагьас жиндир лагъзадерида амру гьабуна ва васият гьабуна цохIо жиндие гурони лагъалъи гьабуге абун. Гьединго амру гьабуна эбел-инсуе лъикIлъи гьабе абунги. Гьел эбел-инсул кIиялго, яги цоял херлъун дуда аскIор хутIани** ва дур напакъа-сахIалде ккун ругони, **дуца гьезда щибго рихунеб рагIи абуге, гьезда бокьулареб жоги рагIизабуге. Кидаго гьезда бицунеб рагIи тамахаб, хIеренаб бице.**

**24. Дуца гьезда тIад гурхIел-рахIмуялъул кваркьи лъе. Мун гьезие хIелун ва тамахлъун вукIа. Дуца дугIа гьабе ва Аллагьасда (عز وجل) гьаре: «Я дир БетIергьан! Мун гьал дир эбел-инсуда гурхIа ва гьезда дур цIоб-рахIматги рещтIинабе, гьел кIиязго дие лъикIлъи гьабураб гIадин дун гьитIинаб лъимерлъун вугеб мехалъ» - абун.**


**25. Нужер БетIергьан Аллагъ (عز وجل) жинда лъалев вуго нужер напсазда жаниб бугеб жо:** нуж эбел-инсуе лъикIлъи гьабулелищ ругел, яги къварилъи гьабулелищ ругел. **Нуж лъикIаллъун ругони** ва Аллагьас амру гьабураб хIалалъ эбел-инсуе ва цогидал гIадамазеги лъикIлъи ва гурхIел гьабулел ругони**, хIакълъунго Аллагъ (عز وجل) тавбу гьабун жинда руссаразул мунагьал чурулев, гьезда гурхIулев вуго.**

Эбел-инсуе лъикIлъи гьабиялъул бицун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса рачIарал гIемерал хIадисал руго. Жинда Аллагъ разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Гьумер ракьалда лъулъарав чи вуго* (ай жив гIодовегIанлъарав, инжитлъарав) *жинда аскIор херлъун эбел-эмен хутIарав, яги гьезул цоял хутIарав цинги жив гьезие лъикIлъиги гьабун алжаналде инчIев» - абун.*

**26. Дудехун гIагарлъи хурхарал гIадамазул хIакъги тIубай дуца. Мискинчиясеги квербакъи гьабе, гьесул хIакъги тIубай. Сапаралда ругел гIадамазул хIакъги тIубай.** Гьезие лъим-квен кье,

къаси сордо базе бакI кье ва цогидабги гьезул хIажат тIубай. **Аллагьасул малъиялда рекъон лъикIаб нухда харж гьабичIого дур боцIи-мал гIадада хвезабуге.**

**27. Жидеца хIалалаб магIишат гIадада хвезабулел гIадамал руго щайтIабазул вацал ва гьудулзаби.** Гьез малъараб жо гьабулел гIадамал руго. **ХIакъалъунго гьеб щайтIан жиндир бетIергьан Аллагьасде (عز وجل) мутIигIлъичIеб Аллагьасул нигIматазда инкар ккурабги буго.**




**28. Гьел мискинал гIадамазе лъикIлъи гьабиялдаса мун вуссун чIчIезе кколев вугони,** дуда кодоб гьезие кьезе жо гьечIого, **хадуб дуе Аллагьасул рахIматалдаса жо щвезе хьулги букIун, дуца гьезда берцинаб рагIи бице.** Гьумер букIкIинабун валагьуге, мугъ сверун унге, гьездехун ццим бахъин загьир гьабуге.

**29. Дуца дур квер габуралда бухьараб гIадин гьабуге:** садакъа кьечIого, мискин-пакъирасе, гIагарав-божарасе лъикIлъи гьабичIого чIун. **ТIубанго квер щвакунги вукIунге:** кодобе щванщинаб жо къватIибе кьун, дуего ва хъизаналъе хIажатаб жо рукъоб течIого. **Гьедин гъеж щвакун мун хьвадани, мунго чияда гьардезе ккола ва гIадамазе рихарав, гьез какулев чилъун лъугьуна.**

**30. Дур БетIергьан Аллагьас жиндие бокьарав чиясе ризкъи гIатIидго кьола. Жиндие бокьарасе ризкъи дагьги гьабула. ХIакъалъунго Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго лагъзадерил маслихIатал ва гьез нахъа гьабизесеб жоги бихьулев вуго.**

**3I. Нужеца нужер лъималги чIваге гьел хьихьизе кIоларо абун хIинкъун. Дун вуго нужееги гьезиеги ризкъи кьолев ва нуж хьихьулев БетIергьан. Гьел лъимал чIвай цIакъ кIудияб мунагь буго ва нежее гучаб гIазаб гьабиялъе сабабги буго.**

**32. Нуж зина гьабиялде аскIорего къаге:** гьеб зина гьабиялде напс гьетIулеб гIамалго гьабуге. **Гьеб зина гьаби къабихIаб пиша буго ва жинца жужахIалде рачунеб квешаб нухги буго.**

**33. Нужеца Аллагьас чIвазе хIарам гьабураб напсги чIваге шаргIияб гIилла букIун гурони. Цо чи чIвараб мехалъ жиндие зулму гьабун, шаргIияб гIилла гьечIого, гьев чиясул валиясе ихтияр буго къисас босизе. Къисас босулеб мехалъ шаргIалда хIарамаб жо гьабизе бегьуларо:** жинца чIварав чи гурони цогидав чIваларо. Жиндир чIварав чиясда гьабураб гIадаб ругъун гьабила, жаназаялъе гIакъуба гьабиларо. **Гьев вали жиндие шаргIалъ квербакъаравлъун вуго жиндир чи чIвараб мехалъ гьесие гIоло къисас босизе**.

**34. Эмен хун нужер къайимлъиялда (валилъиялда) ккарал ятимзабазул боцIудаги нуж гIагарлъуге гьелъие лъикIлъиги лъугьунеб жоялдалъун гурони. Гьеб лъимер кIудияб гIун, балугъалъун жиндир боцIи-малалъул милат гьабулев лъугьизегIан** гьеб боцIи-мал нужеца цIуне ва хиянат гьабуге. **Нужеца Аллагьасеги, гьесул расуласеги гьарурал къотIаби тIуразаре,** нужедаго гьоркьор гьарурал къотIабиги тIуразаре. **Гьеб тIубачIезда кIалгьикъиги букIуна**. Дунялалдаги жаваб кьезе ккола, ахираталдаги жаваб кьезе ккола.


**35. Нужеца борцунеб къали цIезабе, цIадироги битIун хIалтIизабе, гьеб битIун хIалтIизаби буго нужее дунялалда ва ахираталда лъикIаблъун батизе бугеб жо.**

**36. Дуда жиб лъалареб ва дур жинда хIажалъи гьечIеб жо цIехон гьелда хадув мун лъугьунге.** Дуда лъалареб жо лъалин абуге, бихьичIеб бихьанин абуге, рагIичIеб рагIанин абуге. **ХIакъалъунго къиямасеб къоялъ дур гIин, бер ва ракI жинца гьабураб гIамалалъул кIалгьикъи гьабизе бугеб буго.**

**37. Мун гьаб ракьалда тIад чIухIдарилаго хьвадуге,** рилълъен кIибикIизабуге, къаркъала гьетIаризабуге. Габур кIичIун, чIухIун, гIамалкIодолъун хьвадуге. **Дуда кIоларо кинабго ракьалда тIад хьвадун гьелда дур чIухIи бихьизабизе, мугIрузда тIаде вахун гьел дуе мутIигI гьаризеги.**

Цоги магIна гьабуна: гьаб ракьалда тIад цо гьитIинаб каратI, кьватIел гьабизе кIоларо дуда, мегIералда гьеб борлъун гIуж гьабизеги кIоларо. Гьединав загIипав, щибго гьунар гьечIев мун гьаб ракьалда тIад чIухIун кин хьвадилев? ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Къарунил къисса бицана гьев чIухIдарилаго къавмалда цеве вахъараб механъ гьевги, гьесул мина-милк ва боцIи-малги ракьулъ жанибе инабиялъул.

**38. Гьал рехсарал пишабазул квешабщинаб жо Аллагьасе (عز وجل) рихараб буго.** Жиндир гIакълу бугев чи Аллагьасе рихараб жо гьабиялдаса рикIкIалъизе тIадаб буго.




**39. Гьаб цебе бицараб хабар буго, МухIаммад ﷺ, Аллагьас (عز وجل) дуда вахIю гьабулеб, жиндир хIикматалдаса ва гIелмуялдаса. Дуца Аллагьгун (عز وجل) цадахъ цоги алагьзаби гьаруге** жидее гIибадат гьабулел ва жидедаса шапагIат тIалаб гьабулел**. Гьедин дуца Аллагьасде ширк гьабуни мун жужахIалда жаниве рехула, дуда Аллагьасги халкъалъги гIайиб чIваравлъун ва кинабго лъикIлъиялдаса ва рахIматалдаса рикIкIад гьавуравлъун.**

**40.** Малаикзаби Аллагьасул ясал ругин абулел гIарабиязда хитIаб гьабун Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: **Аллагьас нужее васалищха тарал, я гьал гIарабал, жинца малаикзабазул ясал жиндиеги тун?. Нужеца абулеб рагIи цIакъ кIудияб рагIи буго**! Нужее бокьараб жо нужее бугин, нужее рихараб жо Аллагьасе (عز وجل) бугин.

**4I. Дица гьаб хирияб Къуръаналда жанир гIадамазе мисалал баян гьаруна гьез вагIза босине бокьун. Амма куфру-ширкалда ругел гIадамазе гьелъ щибго мунпагIат гьабулеб гьечIо,** ва гьел жегиги къосунел руго.

**42. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад ﷺ! Нужеца абулеб хIалалъ ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) цадахъ цогиги алагьзаби рукIаралани, гьез гIарщалъул БетIергьанав Аллагьасде къец гьабизе букIана ва гьев къезавун, гьесул бакIалда жал чIезе гIамал гьабизе букIана.**

**43. Жив ТIадегIанав ва ВацIцIадав вуго Аллагъ (عز وجل) гьал мушрикаца жинда гIунтIизарулел сипатаздаса. ЦIакъ кIудияб тIадегIанлъи буго гьев Аллагьасе (عز وجل) ва къадру макъам кIодолъиги буго.**

**44. Гьев Аллагъ (عز وجل) ВацIцIад гьавун, гьев тIадегIан гьавун анкьабго зобалъ ва ракьалъ, гьеб зобал-ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъаталъги Аллагьасе тасбихI гьабула. Гьес бижараб махлукъаталъул цониги жо гьечIо жинца тасбихI гьабулеб букIун гурони ва Аллагьасе (عز وجل) рецц гьабулебги букIун гурони. Киннги, гIадамазда гьеб тасбихI бичIчIуларо ва рагIуларо. Гьев Аллагъ (عز وجل) цIакъ гурхIулев ва мунагьал рахчулев вуго.**

**45. Дуца гьаб хирияб Къуръан цIалараб механъ дица дудаги жидеца ахираталда иман лъоларел къавмаздаги гьоркьоб пардав гьабула, гьеб Къуръан гьезда бичIчIизе ва гьелъул хIикмат лъазе гьукъулеб, ц**инги гьез гьелда иманги лъоларо.


**46. Дица гьел мушриказул ракIазда тIад тIалъел гьабуна, гьезда Къуръан бичIчIичIого букIине. Гьезул гIундузда жаниб бакIлъи ва гIинкълъиги гьабуна жидеда гьеб Къуръан рагIичIого букIине в**а гьелъул пикру гьабичIого букIине. **Дуца Къуръанги цIалун гьелда жанив Аллагъ (عز وجل) цо гьавураб механъ «Лаилагьа Иллаллагь» абун, гьел мушрикал жидер мугъазде руссун лъутун унел руго.**

**47. Дида лъала, МухIаммад ﷺ, гьел мушрикал дур Къуръаналда щиб мурадалда гIенеккулел ругел. Гьел дур Къуръан цIалиялда гIенеккулел руго, цинги жидедаго гьоркьор балъго щурщудилел руго.** иман лъурал гIадамазда гьел мушрикаца абулеб буго: **«Нуж руго жиндие сихIру**

**гьабун жив гIадаллъизавурав чиясда нахърилъльун,** гьес бицунеб жоги жоба-гъобараб жо бугин, жинда вахIю рещтIанаян абун нужее цIалулеб» - абун.

**48. Мун валагье, МухIаммад ﷺ, ва дуца пикру гьабе кин гьел мушриказ батIи-батIияб жо бицунеб бугеб мун гьереси гьавизе бокьун ва гIадамал дуда нахърилъльине бокьичIого. Гьел руго цIакъ къосун ругел гIадамал ва гьезда битIараб нух батизеги кIолеб гьечIо.**

**49. Капурал гIадамаца абуна: «Ниж турарал рукьбилъун лъугьараб мехалъ, нижер гьанги ракьлъун лъугьараб мехалъ, цIидасан ниж чIаго гьарун тIадейищ рахъине гьарулел» - абун.** Гьаб буго гьез ахираталда инкар кквей ва авараг гьереси гьави.




**50. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, нужер ганчIал лъугьаниги, маххъугьаниги,**

**5I. Яги гьелдасаги къвакIараб нужеда чIаго гьабизе кIоларо абун ракIалде ккколеб жолъун лъугьаниги, Аллагьас (عز وجل) нуж чIаго гьаризе руго ва нужее жазаги гьабизе буго. Цингиги гьел мушриказ дуда абизе буго, МухIаммад ﷺ, щивха вугев ниж цIидаса рухI лъун чIаго гьарулев чи абун. Дуца гьезда абе: «Щибго жо гьечIеб бакIалда нуж рижарав Аллагь (عز وجل) вуго хун хадур нуж чIаго гьарулевги» - абун. Цинги цIакъго кеп щун, мун махсароде гьавун, дуда тIаде бутIрулги гьетIизарун гьез абизе буго кидалгIаги гьеб жо букIине бугеб абун. Дуца гьезда абе: «Гьеб гIемер рикIкIадаб жо гьечIо» - абун.** Жиб букIин ва бачIин хIакъаб жо гIагарда бугеб гIадин букIуна.

**52. Гьеб букIине буго БетIергьан Аллагьас нуж махIшаралда ахIун данде гьарулеб къоялъ. Нужеца гьаб ахIиялъе цIакъ хехго жавабги кьола. Нуж Аллагьасул амруялдаги мутIигIлъула. Гьеб махIшаралъул хIинкъиги захIмалъиги нужеда бихьараб мехалъ нужеда ракIалде ккола нижеца дунялалда цIакъ дагьаб заман гурони бачIо абун.**

**53. Дида иман лъурал муъминзабазде дуца абе, МухIаммад ﷺ: «нужеца цоцаздехун хабар бицунеб мехалъ, мушавара гьабулеб мехалъ, нужеца калам берцинаб гьабе ва тамахаб, хIеренаб рагIи бице цоцаздехун. Гьел муъминзаби цоцалъ къацандизаризе яхI бахъула щайтIаналъ, гьеб щайтIан буго инсанасул загьираб ва баянаб тущман.**

**54. Нужер БетIергьан Аллагь вуго жинда нужер хIалал лъалев ва нужее маслихIатаб жоги лъалев. Жиндие бокьани гьев Аллагь (عز وجل) нужеда гурхIун тIаса лъугьина, бокьани нужее нужер гIамалазда рекъараб гIазаб гьабила. Дица мун гьеб умматалде витIичIо, МухIаммад ﷺ, гьел цIунулевлъун, гьезул амру дуда тIадкъарав вакиллъун.** Мун витIун вуго дир рисалат гьезухъе щвезабулев расуллъун.


**55. Гьединго дур БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) лъала, МухIаммад ﷺ, зобалазда ва ракьалда бугеб кинабго жиндир махлукъат. Дица гьел уммата зда ритIулел аварагзаби цоял цояздаса хира гьаруна ва тIокI гьаруна.** Дица **Давуд (гIв) аварагасухъе Забурги кьуна:** жинда жаниб гIелму-хIикмат бугеб ва гьелдалъун гIадамазда гьоркьоб хIукмуги гьабулеб.

**56. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад ﷺ! «Жеха нужеца ахIи бай нужерго алагьзабада, хIакъав Аллагьги тун нужеца жидее лагъльи гьабурал ва гьез нужее шапагIат гьабиялда божун нужги ругел.** Малаикзабазда, ГIисада, ГIузайрида бай ахIи гьел алагьзабилъун ккураз. Хъанчазда ва суратазда бай ахIи гьел алагьзабилъун ккураз. **КигIан нужеца ахIи баниги гьез нужее жаваб гьабуларо, гьезда нужедаса къварилъи борхизеги кIоларо, яги гьеб къварилъи цоги рахъалдехун сверизабизеги кIоларо.**

**57. Нужеца жидее лагъльи гьабизе алагьзабилъун ккурал малаикзаби, ГIиса ва ГIузайр авараг жалго руго Аллагьасде унеб нух цIехолеллъун, гьев разилъи тIалаб гьабулеллъунги ва**

**гьесие тIагIат, гIибадат гьабун хьвадулел. Гьел кин алагьзабилъун рукIинел ва гьез нужее щиб квербакъиги гьабилеб, жалгоги Аллагьасул (عز وجل) рахIматалда хьул лъураллъун ва гьесул гIазабалдаса хIинкъулеллъун рукIаго. Дур БетIергьанасул гIазаб цIакъ жиндаса цIуни тIалаб гьабизе рекъараб гIазаб буго,** жиндасан хIинкъизе мустахIикъабги буго.

**58. Цониги росдал агьлу гьечIо дица жиб гьалаг гьабулеблъун гурони къиямасеб къо бачIинелде ццебего:** жидер рижи тIагIинабун, наслу бакъвазабун. **Яги дица гьезие гучаб гIазабниги гьабила: дагьал гIадамал хвасарлъаниги, гIемерисезда гьеб гIазаб гIамлъулеб. Гьаб дир хIукмуги дир азалияб гIелмуялъулъго гьабураб, ЛавхIулмахIпузалда хъван бугеб хIукму буго.** Гьаб буго куфру-ширкалда тIад чIарал, жидеца ракьалда тIад пасалъи гьабулел ва Аллагьасул (عز وجل) хIакъаб диналдаса гIадамал нахъчIвалел залимзабазе бугеб хIукму.




**59. Гьел мушриказ дудасан тIалаб гьабулеб мугIжизат битIичIого теялъе сабаб гьечIо, МухIаммад ﷺ, гьезда цересел умматазги жидеца тIалаб гьабураб мугIжизат бачIараб мехалъ гьеб гьереси гьабун букIин гуреб. Дица Самудиязул къавмалъе мугIжизатлъун варани кьун букIана: гьезул бералдаги бихьун кьурулъан къватIиб бачIун, жиб ракьалда хьвадулеб, жидеца гьелъул рахь гьекъолеб, жиб загьираб, баянаб мугIжизат букIана гьеб варани. Самудияцаги зулму гьабуна гьеб мугIжизат гьереси гьабун ва дица гьелги гьалаг гьаруна. Дица тIабигIияб гIаламатги гьабуларо:** ракь багъари гIадаб, пири речIи гIадаб, **гьел гIадамал хIинкъинаризе гурони.**

**60. Дица дуда бицараб гIуж ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан жиндир гIелмуялдалъун киналго гIадамазда сверун лъугьарав вугин. Дица мун мигIражалдаги вачун гьенир дуда рихьизарурал гIажаибал жал дуда рихьизаричIо МухIаммад ﷺ, гьел гIадамазул хIалбихьи гьабизе гурони. Гьединго Къуръаналда жиб рухсараб, жиндие лагIнат кьураб гъветIги гьабичIо дица гьел гIадамазул хIал бихьиялъе гурони. Дица гьел иман лъечIел, купру-ширкалда чIарал гIадамазе хIинкъи кьолеб буго батIи-батIияб гIазабалдалъун,** гьазда дир къудраталда тIоритIел гьабулел гIаламаталги рихьинарулел руго. **Амма гьеб хIинкъи кьей гIемералъанагIан гьезул къосин ва чIухIи цIикIкIунеб буго.**

**6I. Дуца ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ, дица малаикзабада амру гьабураб гIуж нужеца Адам (гIв) аварагасе сужда гьабе абун. Гьел малаикзабаца киназго сужда гьабуна, амма иблисалъ гьабичIо сужда. Иблисалъ жиндир чIухIи загьир гьабуна ва гьелъ абуна: «дица суждайищ гьабулеб дуца хIашалдаса вижарав Адамие?» - абун.**

**62. Дуца гьав дидаса хира гьавулев вугев Адам щив чияли бице дидаян** чIухIун кIалъана Аллагьасул лагIнат батараб иблис жиндир БетIергьанасде данде. Хадубги гьа гьедун гьеб иблисалъ абуна: **АллагьасхIаги, дуца дун къиямасеб къо щвезегIан хвезабичIого тани, дица гьав Адамил зурияталъул гIемерисеб халкъ къосинабун гьалаг гьарила ва дуе сужда гьабуларел гьарила» - абун.**


**63. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «мун а дуего бокьараб жо гьабизе,** дица мун хвезабичIого тела дие бокьарабгIан заманадъ. **Мунги дуе мутIигIлъарал гIадамалги дица жужахIалда жанир рехизе руго. Гьеб буго нужер гIамалалда рекъараб жаза ва жиб камилаб, кидаго тIаса ин гьечIеб гIазабги.**

**64. Дуца хIал кIварав чи гукке гьел гIадамазул. Гьел гIадамал гуккизе дуца кечI-макъанги хIалтIинабе, гьересиги бице, батIулаб чорокаб щинаб жо гьабизеги малъе. Дуца гьел къосинаризе тIаде тIаме киналго дур кумек чагIиги: рекIарал ругониги, лъелал ругониги,**

**шайтIаби ругониги, гIадамазул шайтIаби ругониги. Мун гьел гIадамазул боцIи-малалъулъ ва лъимал-хъизаналъулъги гIахьаллъе ва гьоркьоб лъугьа.** БоцIи-малалъулъ гIахьаллъи гьабе гьел хIарамаб магIишат данде гьабизе риччан. Лъимал-хъизамалъулъ гIахьаллъи гьабе гьезул бихьинал ва руччаби цадахъ хьвадизарун, гьезда тIасан ретIел бахъун гIаврат цебе лъезабун. Цинги зина ва къабихIаб жо гьабизе гьел тIамун зинадал лъимал гIемерлъизарун. **Дуца гьел гIадамал гуккун гьезие берцинал къотIабиги гьаре. ШайтIаналъ инсанасе гьабулеб къотIи гьев гуккунеб, къосизавулеб гурони букIунаро.**

**65. ХIакълъунго дир иман камилал лагъзал гуккизе дуда кIоларо, гьезда тIад дур квершелги батуларо. Гьел дир цIуниялда ва аманалда рукIуна. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) гIезе вуго гьезие жинца квербакъулев ва гьезул тадбир гьабулев вакиллъун.**

**66. Гьев Аллагь (**عز وجل**) вуго нужер БетIергьан, я гьал гIадамал, жинца ралъдада тIад нужер гуми хьвадизарулев, гьезул кумекалдалъун нужеца ризкъиги тIалаб гьабулел.** РикIкIад сапаралда ун даран-базар гьабун**. Гьев Аллагь нужеда гурхIулев вуго, в**а нужеда магIишат гьабулел нухал малъун нужее бигьалъи гьабулевги вуго.




**67. Гьеб ралъадалда рукIадго нужеда цо къварилъи хъатIараб мехалъ нужер рекIелъан билулеб ва тIагIулеб буго Аллагьаде ширк гьабулеб букIараб жо:** гIадамал ругониги хъанчал ругониги**. Нужеца ахIиги балеб гьечIо цохIо Аллагьасда (**عز وجل**) гурони. Цинги нуж гьеб къварилъиялдаса хвасар гьарун ракъдаде щвараб мехалъ, гьанжеги нужеца Аллагьасде ширк гьабулеб буго ва гьесие бацIцIадаб гIибадат гьабиялдаса руссунел руго.**

**68. Нуж божунищ ругел, я гьал мушрикал Аллагьасда (**عز وجل**) кIоларо абун нуж ракьалда жанир инаризе? ЛутIил къавмалда гIадин зодисан ганчIил цIад базабиларо Аллагьас абунги божунищ ругел нуж. Гьеб гIазаб тIад бачIараб мехалъ нужее щивго чи вукIине гьечIо нужер амруялъул тадбир гьабулев ва нужер ишазе вакиллъи гьабулев.**

**69. Яги нуж божунищ ругел цоги нухалъ нуж Аллагьас гьеб ралъдада тIад рачиларин гамидаги рекIун, цинги нужеда тIаде гучаб гьури беччаларин ва нужги гьанкъизариларин абун, нужеца Аллагьасда (**عز وجل**) инкар кквей сабаблъун. Дица нуж гьанкъизаруни дидаса жаваб тIалаб гьабулев чиги вукIунаро,** рецIел босулев, зарал бецIизабулев чиги вукIунаро.

**70. Дица Адамил лъимал хира гьаруна ва гьел рекIунеб жоялда тIад рекIун хьвадизеги гьаруна ракъдада ругониги, ралъдада ругониги. Дица гьезие гьуинал, лазатал пихъал ва тIагIамалги кьуна. Дица бижараб цогидаб махлукъалдаса гьев инсан гIемерго хира гьавуна ва тIокIги гьавуна.** Гьесие гIелму-гIакъло кьуна, Аллагьасда иман лъезе, гьесие гIибадат гьабизе рес бугев гьавуна гьелдалъун ахираталда алжаналда жанив абадияб нигIматазулъ жив вукIуневги гьавуна.

**7I. Дуца рехсе МухIаммад ﷺ, къиямасеб къоялъ киналго гIадамал махIшаралде ахIизе рукIин жидер гIамал хъварал кагъталги кодоре кьун** ва гьезул гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе букIин**.**

Гьаб (Биимамигьим) абураб ргIиялъе цоги магIна гьабуна: «жидеда рештIинабураб тIехьалдалъун гIадамал ахIулеб къо»-абун. Ай, я Къуръаналъул агьлоян абун ахIулеб къо.


**Жиндир гIамал хъвараб кагъат кваранаб рахъалъан кьурав чи:** гьев вуго Аллагьасда (**عز وجل**) иман лъун, ахираталъул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарав чи**. Гьеб кваранаб квералъухъ кагътал кьурал гIадамаз жидер кагътал цIалула** жал рохун рукIун ва цо-цазе рохел бицун. **Гьезул лъикIаб гIамал нукъсан гьабун заралги гьабуларо цохIо зарра гIадаб жоги,** (гагадул хъалгIадаб жо).

**72. Гьаб дунялалъул рукъов, жив беццавлъун вукIарав чи: гьев ахираталдаги беццавлъун вукIуна ва гьесда щибго нух бихьуларо.** Цоги магIна гьабуна: гьаб дунялалъул загьирал гIаламатаздалъун Аллагь цо вукIиналда тIоритIел гьабун гьесда иман лъоларев чияс, жиндаса ракIкIад бугеб ва жиб бихьулебги гьечIеб ахираталда цIакъго иман лъоларо абун.

**73. Гьел мушриказда кIун букIарабани МухIаммад ﷺ, дица дуда рештIинабураб амру-нагьюялъул цониги жо дуда тезабизе ва мун гьезие бокьараб жоялда вуссинавизе, цинги гьез мун гьудуллъун кквезе вукIана.**

**74. Дица мун гьезул макруялдаса цIунун хIакъаб жоялда чIезавун гурони, мун гьезие бокьараб жо гьабизе гIагарлъун вукIана.** Гьез иман лъеялда ва гьел дуда нахърилъиялда хьул лъун

**75.** Мун гьел мушриказ бицараб жоялда божун гьезул мурадазда хадвув унев вукIаравани ва дуца мунагь хатIаги гьабулеб букIарабани**, дуе дунялалдаги ахираталдаги гьабулеб гIазаб цогиязе гьабулеб кIигогIан цIикIун букIинаан, дудасан гIазаб нахъчIвазе кIолев квербакъулев чиги вукIинароан.**




**76. Гьел мушрикал хIадурун рукIана ва гIагарлъунги рукIана жидеца мун Маккаялдаса къватIив къотIизе. Унгого гьез мун къватIив къотIун вукIарав ани гьел цIакъ дагьаб мехалъ гурони дудаса хадур гьеб ракьалда хутIуларoан.** Аллагьас (عز وجل) гьел гьалаг гьаризе рукIана цогидал умматаца жидер аварагзаби жидеда гьоркьоса къватIире къотIараб мехалъ гьел гьалаг гьарураб гIадин.

**77. Дуда церехун ритIарал дир аварагзабазул нух буго жидее умматалъул гIасиял пасикъал гIадамаз зулму гьабураб мехалъ дица гьел умматал гьалаг гьарулеб. Ва дир нухалъул хис-бас букIунаро.**

**78. Дуца как бай МухIаммад ﷺ, щибаб гIужалда: зоб бакьулъан бакъ тIерхьулеб рахъалде гьетIараб мехалъ къалъул как бай. Къаси сордо бецIлъидалги бай как. Рогьалил какги бай. Гьеб рогьалил как буго жиндие малаикзабаца нугIлъи гьабулеб как.**

Тапсиралъул гIалимзабаца абуна: къалъулги бакъанилги как буго зоб бакьулъан бакъ аралдасан бакъ тIерхьине гIагаризегIан заманалда гьоркьоб балеб. МаркIачIолги боголги как буго бакъ тIерхьун хадуб сордо бецIлъизегIан балеб. Рогьалил какги буго рогьел баккараб мехалъ балеб абун.

**79. Сардилъ тIаде вахъун, макьуги тун, какал рай МухIаммад ﷺ дуца! Гьеб буго дуе бугеб хиралъи ва тIокIлъи. Гьединго дуда тIад бугеб, умматалда тIад гьечIеб как буго гьеб сардилъ тIеде вахъун балеб как. Аллагьас (عز وجل) мун ахираталда вахъинавизе вуго бищунго беццараб ва хирияб макъамалда.**

**80. Дуца дур дугIаялъулъ абе МухIаммад ﷺ: «Я дир БетIергьан! Дуца дун дир хабалъе лъугьинаве берцинаб хIалалъ ва ахираталда тIадги вахъинаве берцинаб хIалалъ. Ва дурго рахъалъан дие квербакъи ва къуват гьабе диналъул тушбабаздаса дун бергьине ва дур дин гьелдалъун тIадегIанги гьабизе» - абун.** Цоги магIна гьабуна: гьеб буго Мадинаялда жанив лъугьинави ва Маккаялдаса къватIив вахъинави абун.

**8I. Цоги дуца абе МухIаммад ﷺ: «Аллагьасул хIакъаб дин - исламияб дин бачIун буго, гьелдалъун кинабго батIулаб дин ва ширк гьаби нахъе ун буго. ХIакълъунго батIулаб жо жиб тIаса унеб буго» - абун.**

**82. Дица Къуръаналда жаниб рештIинабула муъминзабазул рекIелъа жагьиллъиялъул ва къосиналъул унти инабулел аятал. Гьедин бугелъул гьаб Къуръан муъминзабазе рахIматлъунги буго. Амма гьеб Къуръан рештIинабиялдалъун пасикъал ва залимал гIадамазе щибго хайир букIунаро.** Жегиги гьезул къосин гIемерлъула ва ахираталъул гIазабги цIикIкIула.


**83. Дица инсанасе батIи-батIиял нигIматал кьураб мехалъ гьев дие шукру гьабиялдаса вуссунев вуго, гIамал кIодолъун хьвадулевги вуго. Цинги жинда цо къварилъи хъатIараб мехалъ цIакъ хьул къотIунги лъугьунев вуго.**

**84. Дуца абе МухIаммад ﷺ! Щивав чи хьвадулев вуго жиндир нухда. Нужер БетIергьан Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго битIараб нухда вугев чи.**

**85. Дуда мушрикаца гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, рухI щиб жо абун.** Киб гьеб бугеб? Кин гьеб буге?-абун. **Дуца абе: «Гьеб рухIалъул амру ва гьелъул хIакъикъатги Аллагьасда (عز وجل) аскIоб буго. Гьес нужее кьураб гIелмуги цIакъ дагьаб жо буго»-абун.** Жинда аскIоб тараб, нужеда лъалареб гIелму Аллагьасул цIакъго гIемераб буго. Гьеб гIелмуяда гьоркьоб буго гьаб рухIалъул хIакъикъат лъайги.

Гьаб аят рештIинабиялъе сабаб бицана: къурайшиязул мушрикал Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг гIажиз гьавизе бокьун гьесдасан батIи-батIияб жо цIехолел ва гьикъардулел рукIана. Гьезул цояз ягьудиязул тIехь цIалулев чиясухъе ун гьесда абуна: щибжо гьикъилеб нижеца гьев МухIаммадида гьев гIажиз гьавизе абун. Ягьудияс абуна: «нужеца гьесда гьикъе рухI щибжо кколеб» - абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIинабуна (85 абилеб аят).

**86. Дие бокьани, МухIаммад ﷺ дуда рештIинабураб Къуръан дур рекIелъан инабилаан, цинги гьеб дур рекIелъе буссине гьабулев ва дуда гьеб лъазабулев чи вукIунаро.**




**87. Дур БетIергьан Аллагьасул рахIмат букIун гурони хутIичIо дур рекIелъ ва дур асхIабзабазул рекIелъ гьеб Къуръан. ХIакълъунго дур бетIергьанасул дуда цIакъ кIудияб цIоб ва рахIмат буго.**

**88. Дуца абе МухIаммад ﷺ: киналго гIадамалги женалги данделъаниги гьаб Къуръаналда релълъараб жо гьабизеян абун, гьезда кIоларо гьеб гьабизе, жидеца цояз-цоязе кумек гьабуниги. Гьаб Къуръан буго щивго чиясул жинда релълъараб гьабизе хIал кIолареб мугIжизат.**

**89. Дица Къуръаналда жанир гIадамазе баян гьарун руго киналго хIужаби. Гьел гIадамазе хIакъаб динги баян гьабуна дица мисалал рачун ва гIаламатал рицун. Гьадин бугониги гIадамазул гIемерисел гьаб Къуръаналда инкар ккурал руго.**

**90. Гьез абуна: «нижеца дуда иман лъеларо МухIаммад ﷺ, дуца нижее ракьулъан иццал чвахизарун гурони.**

**9I. Я дуе ах бижинабе цIибилалъул, чамастакалъул ва гьел ахазда жанисаги лъимал-лъарал чвахизаре.**

**92. Яги дуца къотIелал лъугьун гьаб зоб нижеда тIаде бортизабе, дуца нижее хIинкъи кьолеб букIараб хIалалъ Яги дуца нижеда цеве, нижеда вихьулеб бакIалда Аллагь (عز وجل) вач ва гьесул малаикзабиги (гIв) раче.**

**93. Яги дуца кIудияб хъала букIинабе,** нижер гIадаб гамчIилги ракьулги гуреб**, гIарац меседалъ жиб бараб. Яги мун нижедаги вихьун зодове ваха. Гьедин зодов мун ваханиги ниж дуда божизе гьечIо ва дуда нахърилълъине гьечIо, дуца гьенисан босун тIехь бачIинегIан нижеца жиб цIалулеб ва гьеб тIехьалда тIад нугIлъиги бугеб мун нижеда витIарав расул вукIиналъе»-абун.**

Гьаб анлъго мугIжизат тIалаб гьабуна къурайшияца Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг жидеца къабул гьавизе ва жал гьесда мутIигIлъизе сабаблъун букIине. Гьал тIалабаздалъун нилъеда бичIулеб буго гьел къурайшиял цIакъ гIамал кIодолъун, чIухIун кIалъалел рукIин ва гьезул иман лъезе къасд гьечIеблъи. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьелде щвезегIан жидее цIалараб Къуръаналда жаниб гIемерал далилал ва хIужаби рукIана Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда тIоритIел гьабулел, гьесул хIал кIолъиялъул бицунел. Гьев МухIаммад ﷺ, жинца гьереси бицунев чи


гьечIеблъиги гьезда лъалеб букIана. Гьаб киналъго нугIлъи гьабулеб буго къурайшиязул мушрикал иман лъезе бокьарал гьечIеблъиялъе.

Гьедин бугелъул ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Дир Аллагь (عز وجل) вацIадав буго ва ТIадегIанав буго.** Нужеца гьел мугIжизатал рачун вачIаян дидаса тIалаб гьабизе ккани, **дун нужедаго релълъарав инсан ва нужеда витIарав Аллагьасул расул гурони гьечIо»-абун.** МугIжизатал рештIинариги аварагзаби ритIиги, жинда гIасилъаразе гIазаб гьабиги ТIадегIанав Аллагьасул гIамал буго. Дун вуго нужее жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе ва алжаналдалъун рохел бицине витIарав расул абун.

**94. Жидехъе Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан хIакъал хIужаби рачIараб мехалъ ва мугIжизаталги рачIараб мехалъ гьезда иман лъеялдаса гIадамал нахъчIвалел гьечIо, жидедаго гьоркьоса гьезда Аллагьас витIарав расуласда мутIигIлъизе чIухIи гьабиялъ гурони ва гьез абулеб буго: «Аллагьас гьав гIадамищ витIулев расуллъун» - абун.**

**95. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: гьаб ракьалда тIад гIадамалго гIадин хIалхьон ва магIишат гьабун хьвадулел малаикзаби рукIаралани, дица гьезда расуллъун зодисан малаик витIизе вукIана» - абун.**

**96. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: Аллагь гIезе вуго нугIлъун нужедаги дидаги гьоркьов. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинда лагъзадерил киналго гIамалал лъалев ва гьезул рекIелъ бугеб жо бихьулев.**




**97. Аллагьас (عز وجل) тIовитIарав вуго жив хIакъаб нухалда вугев чи. Аллагьас тIовитIичIев ва жиндирго къосиялда ва купру-ширкалда тарав чиясе вали вукIунаро, квербакъулев чиги вукIунаро. Дица гьел къосарал гIадамал къиямасеб къоялъ тIад рахъинарула жидер гьумералда хъурщулеллъун, жидеда щибго жо бихьуларелълъунги, щибго жо ргIуларелълъунги, ва жидеда мацI лъаларелълъунги. Гьезул руссунеб бакIги жагьанама буго. Гьеб жужахIалъул багIари дагьлъаншинахъе дица гьеб цIидаса багIаризабула.** Цо гIалимас абуна: жидер гьан цIаялъ кванан, цIа дагьлъараб мехалъ дица гьезул чурхдул цIидаса гьанал цIезарула ва цинги гьеб гьаналда рекIун цIаги цIидаса цIикIкIула ва багIарула абун.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда асхIабзабаца (ра) абуна: *«Я расулаллагь! Къиямасеб къоялъ гIадамал жидер гьурмазда кин хьвадулел (хъуршулел) абун. Аварагас ﷺабуна: жидер хIатIазда тIад гIадамал хьвадизаризе кIолев Аллагьасда гьел гIадамал жидер гьурмаздаги хьвадизаризе кIола»-абун.*

**98. Гьаб жаза буго къосараб къавмалъе гьабулеб: гьез Аллагьасда инкар ккун, гьесул мугIжизатал гьереси гьарун, ахираталда тIад рахъинариялда иман лъечIого букIиналъе гIоло. Ва гьез абиялъе гIологи: ниж хун, нижер гьан ракьлъун лъугьун, рукьбиги турун хадуги ниж чIагойищ гьаризе ругел ва цIидаса тIад рахъинарулищ? - абун.**

**99. Гьезда бихьуларищ ва лъаларищ жинца зобал ракьал рижарав Аллагьасе инсан цIидаса вижин цIакъго бигьаяб жо букIин. Аллагьас гьел мушриказе бихьизабураб ва къадар гьабураб заман буго гьел чIаго рукIиналъеги, хун хабалъ рукIиналъеги, цинги тIад рахъинариялъеги. Гьадин бугониги ва хIакъаб жо жидее баянлъун бугониги гьел къосарал зулмучагIи Аллагьасда (عز وجل) инкар ккун чIун руго ва гьез цоги нух къабул гьабулеб гьечIо.**

**I00. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад: «нуж рукIарал ани гьаб Аллагьасул ризкъиялъул хазинаялда тIад тарал, нужеца гьеб кинабго ризкъи цогидаб халкъалъе кьечIого нужеего ккун**

**чIчIезабизе букIана, нуж мискинлъилин хIинкъун». ХIакълъунго инсан цIакъ бахилав вуго жиндие бугеб нигIмат ине бокьуларев,** цогидазе гьеб щвезе бокьуларев вуго.


**I0I. Дица Муса аварагасе кьуна ичIго баянаб мугIжизат.** Гьел мугIжизаталги: гIанса буго, кверги буго, тIупан тIун (гIемераб) цIад бай буго, гарцI буго, нацIги буго, къверкъалги руго, биги буго, ралъад бикьи буго, цIад къотIарал ракъи бугел саналги руго. Гьал гурел цогиги мугIжизатал руго Муса аварагасе Алллагьас кьурал. **Дуца бануисраилазда гьикъе МухIаммад ﷺ, гьал мугIжизатазул хIакъалъул. Муса авараг пиргIавнил къавмалъухъ вачIараб мехалъ ккараб жоги гьикъе бануисраилазда. ПиргIавница Мусада (гIв) абуна: «Я Муса дида мун жундуца ккурав, дуе сихIпо гьабурав чи вугин кколеб буго» - абун.**

**I02. Муса аварагас абуна: «Дуда лъала пиргIавн, гьал аятал ва мугIжизатал дида рештIинарурав цохIо Аллагь (عز وجل) вукIин. Зобал - ракьазул бетIергьанлъун жив вугев. Дун ритIухъав авараг вукIиналъе жидеца нугIлъи гьабулел, дудаги кинабго халкъалдаги Аллагьасул хIалкIолъи ва къудрат баян гьабулел** гIаламатал руго гьел**. Дида мунги ракIалда кколев вуго, пиргIав, мун гьалаглъулев ва чIового хутIулев чи вугин» - абун.**

**I03. ПиргIавние бокьун букIана жинца Муса аварагги бануисраилалги Мисриялъул ракьалдаса къватIире гъезе. Дица гьев пиргIавнги гьесда цадахъ рукIарал киналго къибтIиялги ралъдалъ гъанкъизе гьаруна.**

**I04. ПиргIавнги гьесул къавмги гъанкъизарун хадуб дица бануисраилазда абуна: «нуж гьаб мисриялъул ракьалда магIишат гьабун чIа. Къиямасеб къо бачIун нуж хабалъан тIаде рахъине гьарун махIшаралда ракIарулеб мехалъ дица нуж киналго цадахъ журан ракIаризе руго гьанир.**

**I05. Дица гьаб Къуръан рештIинабуна жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб хIакъаб жоялдалъун. Гьедин рештIинабураб, жиндилъ хис-бас ккеялдаса цIунараб хIакъаб Къуръан буго гьаб. Дица мунги витIун гьечIо МухIаммад ﷺ, дур умматалъул муъминзабазе алжаналдалъун рохел бицулевлъун ва умматалъул капурзабазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъунги гурони.**


الجزء الخامس عشر — سورة الإسراء

وَبِالْحَقِّ أَنزَلْنَٰهُ وَبِالْحَقِّ نَزَلَ ۗ وَمَآ أَرْسَلْنَٰكَ إِلَّا مُبَشِّرًا وَنَذِيرًا ﴿١٠٥﴾
وَقُرْءَانًا فَرَقْنَٰهُ لِتَقْرَأَهُۥ عَلَى ٱلنَّاسِ عَلَىٰ مُكْثٍ وَنَزَّلْنَٰهُ تَنزِيلًا ﴿١٠٦﴾
قُلْ ءَامِنُوا۟ بِهِۦٓ أَوْ لَا تُؤْمِنُوٓا۟ ۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ أُوتُوا۟ ٱلْعِلْمَ مِن قَبْلِهِۦٓ إِذَا يُتْلَىٰ
عَلَيْهِمْ يَخِرُّونَ لِلْأَذْقَانِ سُجَّدًا ﴿١٠٧﴾ وَيَقُولُونَ سُبْحَٰنَ رَبِّنَآ إِن كَانَ
وَعْدُ رَبِّنَا لَمَفْعُولًا ﴿١٠٨﴾ وَيَخِرُّونَ لِلْأَذْقَانِ يَبْكُونَ وَيَزِيدُهُمْ
خُشُوعًا ﴿١٠٩﴾ قُلِ ٱدْعُوا۟ ٱللَّهَ أَوِ ٱدْعُوا۟ ٱلرَّحْمَٰنَ ۖ أَيًّا مَّا تَدْعُوا۟ فَلَهُ
ٱلْأَسْمَآءُ ٱلْحُسْنَىٰ ۚ وَلَا تَجْهَرْ بِصَلَاتِكَ وَلَا تُخَافِتْ بِهَا وَٱبْتَغِ
بَيْنَ ذَٰلِكَ سَبِيلًا ﴿١١٠﴾ وَقُلِ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى لَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُن
لَّهُۥ شَرِيكٌ فِى ٱلْمُلْكِ وَلَمْ يَكُن لَّهُۥ وَلِىٌّ مِّنَ ٱلذُّلِّ ۖ وَكَبِّرْهُ تَكْبِيرًا ﴿١١١﴾

سورة الكهف

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ عَلَىٰ عَبْدِهِ ٱلْكِتَٰبَ وَلَمْ يَجْعَل لَّهُۥ عِوَجًا ۜ
﴿١﴾ قَيِّمًا لِّيُنذِرَ بَأْسًا شَدِيدًا مِّن لَّدُنْهُ وَيُبَشِّرَ ٱلْمُؤْمِنِينَ
ٱلَّذِينَ يَعْمَلُونَ ٱلصَّٰلِحَٰتِ أَنَّ لَهُمْ أَجْرًا حَسَنًا ﴿٢﴾
مَّٰكِثِينَ فِيهِ أَبَدًا ﴿٣﴾ وَيُنذِرَ ٱلَّذِينَ قَالُوا۟ ٱتَّخَذَ ٱللَّهُ وَلَدًا ﴿٤﴾

٢٩٣

**I06. Дица жиб аятазда ва суратазда бикьун рештIинабураб хирияб Къуръан буго гьаб.** Жиб цIализе бигьалъизе ва рекIехъе лъазабизеги бигьаяб букIине. **Дуца гьеб гIадамазе цIализе дагь-дагь ккун, жидеда гьелъул магIна ва мурад бичIчIизе ва гьелъул пикру гьабизе. Дица гьеб Къуръан рештIинабуна щибаб амру ва хIажат бихьун, умматалъул хIал ва маслахIат, бихьун.**

**I07. Дуца абе МухIаммад! Нуж гьеб Къуръаналда божун, гьелда гIамал гьабун хьваданиги, гьелда божичIого ва гIамал гьабичIого чIаниги -** гьеб Къуръаналъе щибго нукъсанлъи гьечIо. **Гьелда иман лъола Аллагьас хIакъаб жо жидеда бичIизабурал Инжил Таврат цIалулел гIадамаз ва гьез жидеда Къуръан цIалулеб рагIараб мехалъ Аллагьасе (** عز وجل**) сужда гьабун жидер гьумер ракьалда цузабула.**

**I08. Гьел гIадамаза жидер БетIергьан Аллагь (**عز وجل**) ТIадегIан гьавун ва гьев вацIцIад гьавун субхIаналлагьи абула, гьев Аллагьасул хIукму ва къотIи хIакъаб букIиналда нугIлъиги гьабула.**

**I09. Жидер гьумералда гIодор речIун, Аллагьасе хIелун ва гIодун жидеца Аллагьасе щукру гьабула, гьесда дугIаги гьабула ва гьеб Къуръан цIалулеб рагIун щинахъе гьезул иманги ва хIинкъиги цIикIкIуна.** Гьаб аят цIаларав мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.(ра)

**II0. Дуца абе МухIаммад ﷺ: нужеца нужер БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) ахIулеб мехалъ: я Аллагь абун ахIе, яги я РахIман абун ахIе. Кинаб цIаралдалъун нужеца ахIаниги гьеб**

**Аллагьасул цIар буго ва киналго гьесул цIаралги жидер магIна берцинал, жал хириял руго,** Аллагьасул (عز وجل) тIадегIанал сипатал жидеца баян гьарулел руго.

**Дуца как балеб мехалъ МухIаммад, гьеб какилъ Къуръан цIали дуца цIакъго загьир гьабуге;** цIакъго гьаракь борхинабун цIалуге **ва нахъе ругезда ргIуларе хIалалъ гьаракь дагь гьабунги цIалуге, гьеб кIиялдаго гьоркьохъеб хIалалъ цIале.**

**III. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Кинабго рецц ва шукру жив ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго, жиндир лъимал хъизанги гьечIев, жиндир ханлъиялъулъ гIахьалчиги гьечIев, жиндие квербакъулев валиясда ва насирасда жив хIажатав гьечIо: гьез жив кIодо гьавизе ва жиндир къадро гьабизе. Дуца гьев Аллагь кIодоги гьаве МахIаммад ﷺ, гьесие хIакъаб кIодо гьавиялъ.**

**I8. Сурату Кагьфи**


Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIго аят бугеб.

**I. Жив кIодо гьавиялда хурхараб, тIобараб ва камилаб рецц ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго, жиндир хирияв лагъ МухIаммад ﷺ аварагасда гьаб Къуръан рештIинабурав,** гьев МухIаммадие ва гьесул кинабго умматалъе рахIматлъун жиб бугеб, жиндилъ магIна рекъолареб, лагъзадерил маслахIатазда данде кколареб**, хIакъаб битIараб диналдаса гьетIараб, мекъаб щибго жо гьечIеб.**

**2. Жиб битIараблъун,** жиндилъ хилиплъи гьечIеб, цояб цоялда данде кколареб жо гьечIеблъун рештIизабуна гьеб Къуръан**, капураб къавмалъе Аллагьасул рахъалъан гучаб гIазабалдалъун хIинкъи кьезе. Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабулел маъминзабада гьезие Алагьас ахираталда цIакъ берцинаб ажро хIадурун бугин абун рохелги бицине,**

**3. Жал даимго жанир рукIунел алжаназул нигIматал руго гьел.**

**4. Гьединго хIинкъи кьезе ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) лъимал ругин абун, гьесда бугьтан лъолел капурал гIадамазе гучаб гIазаб букIине буго абун.**




**5. Гьеб жидер гьересияб ргIиялъе жидее далилги гьечIел, гьезул умумузеги гьечIо щибго далил ва гIелму гьеб гьереси бициналъе. ЦIакъ къабихIаб, гьересияб ргIи бугоха гьел гIадамазул кIалдиса къватIиб бачIунеб. Гьез бицунеб жоги кIудияб гьереси буго.**

**6. Дуца дурго напсалъе къварилъи гьабулеб бугоха МухIаммад ﷺ, гьеб дур къавмалъ иман лъечIо абун, гьаб хирияб Къуръанги жинда иман лъечIого, гьереси гьабуна абун.**

**7. Дица гьаб ракьалда тIад ругел батIи-батIиял нигIматал** ва гIажаибал берцинал ахал, авлахъал ва мугIрул, гьединго ракьулъан бахъулеб гIарац-месед ва цогидабги хазина ва бечелъи гьабуна г**ьаб ракьалъул берцинлъилъун. Гьеб иш дица гьабуна дир лагъзадерил хIал бихьи гьабизе: Щивдай вуго гьездасан жинца дун разилъи тIалаб гьабун гIибадат бацIцIад гьабулев абун.**

**8. Дица гьаб ракьалда тIад ругел берцинал ахал-хурзал ва рохьал-авлахъал гьаризе руго жиб бакъвараблъун. Жинда тIаде щибго жо бижун букIинчIеб ракьалда релълъун.**

**9. Дуда ракIалда кколебищ бугеб МухIаммад ﷺ, асхIабул кагьфазул ва ракъималъул бетIергьабазул къиссаялъулъ гIажаибаб жо бугин абун.** Гьеб къиссаялъулъ бугелдаса гIемерго кIудияб гIажаиблъи гьабизе кколеб жо буго гьал зобал-ракьал ижи ва гьазда жаниб бугеб гIемераб, рухI бугеб ва рухI гьечIеб кинабго махлъукъат.

**I0. Гьел гIолохъаби кьурул нохъокье руссараб заманалъул хабар бице МухIаммад дуца** дур умматалъе вагIзалъун ва дудасан гьеб бици тIалаб гьабулел къурайшиязул мушриказе жаваблъун. Жидер къавмалъ гьабулеб купру-ширкалдаса рикIкIалъун нохъоде руссараб мехалъ, **гIолохъабаца**

**абуна: «Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца нижее дуда аскIоса цIоб-рахIмат кье.** Нижер иман камил гьабе, нижее саброги кье, нижер мунагьалги рахчун те. **Ва дуца нижер амруги хIакъаб диналде тIоритIун гьелда ниж даимлъулеблъун гьабе, нижер ахирги дуца битIун ккезабе» - абун.**

**II. Дица гIолохъабазул гIундузда щибго жо ргIуларе хIалалъ щулияб макьуялдалъун гьел кьижизаруна гьеб нохъоялда жанир гIемерал соназ.**


**I2. Цинги дица гьел макьидаса рорчIизарун тIад рахъинаруна, дида лъазе кинаб къокъадай букIина абун гьел гIолохъабаца нохъода рарал саназул хIисаб гьабиялъул рахъалъан жал ритIун ккколеллъун.**

**I3. Дица дуда бицина МухIаммад ﷺ гьел гIолохъабазул хабар хIакъаб жо бицуневлъун дун вукIун: Гьел гIолохъаби рукIана жидеца БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал ва дица гьезул иман жегиги цIикIкIизе гьабуна, гьезие хIакъаб жоги баян гьабуна** ва битIараб диналдаги тIоритIана.

**I4. Дица гьезул ракIалги щула гьаруна, гьездаса хIинкъи тIаса инабун. Гьезул саброги якъинги цIикIкIинабуна. Жал гьев залимав ханасда ццере рахъун чIараб мехалъ** ва гьесда бадирги ралагьун, щибго хIинкъичIого жидеца **абураб мехалъ: «Нижер БетIергьан вуго гьал зобал ракьазул БетIергьанлъун вугев, жив цогояв, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагь (عز وجل).** Дуца ниж жиндие лагълъи гьабизе ахIулел хъанчал гьечIо нижер бетIергьан**. Нижеца гьев Аллагьги тун цоги щибго жоялъе лагълъи гьабиларо.** Гьедин гIибадат гьабураб мехалъ, ниж рукIуна хIакъаб жоялдаса хъуштIарал**, битIараб диналдаса руссарал, купру-ширкалда ккарал гIадамал»-абун.**

**I5. Гьаб нижер шагьаралъул агьло буго жидеца Аллагь (عز وجل) тун цоги алагьзаби ккурал жидее гIибадат гьабулелъун, жидее щибго гIилла-хIужаги гьечIо гьеб гIибадат гьедин гьабиялъе. Гьеб агьло жидеца битIараб жо гьабулеллъун ратани гьел жидер гIамалалъе хIужжаги бачун рачIа абеха.** Гьел хIужжа бачун рачIунаро, гьез гьабулеб гIамалги батIулаб жо буго. **Жидер зулму кIудиял гIадамал щалха рукIунел Аллагьасдаги гIунтIизабун жидеца гьереси бицунел гIадамаздаса.** Гьал гIадамал руго гьел жидер зулму кIудиял, Аллагьасде ширк гьабун цоги алагьзабазе лагълъи гьабулел ва гьеб жидеца гьабулеб жо битIараб дин бугиланги абулел.

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абулеб буго:




**I6.** ТIадегIанав Аллагьас гьел гIолохъабазда абуна: **Нужеца гьеб къавмги, гьез жидее лагълъи гьабулел хъанчалги рикIкIад гьарураб мехалъ,** цинги нужее гьаб къавмалъ хIинкъиги кьураб мехалъ, **нуж русса (ае) пуланаб бакIалда бугеб нохъоде. Аллагьас жиндир рахIмат нужее гIатIид гьабила, гьеб къавмалъул зулмуялдаса нужги цIунила. Ва Аллагьас (عز وجل) нужее хIадурила гьеб нохъода рукIадго нуж жинда хIажалъулеб квен-тIех гIадаб, лъим гIадаб жо.**

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) щибго жоялда хIажат гьечIеллъун гьарун, лъабнусго соналъ кьижизе гьаруна. Гьел гIемерал соназ жал ракьалда регун ругониги жидер ретIелги туричIо, гьанги унтичIо.


Сайид КъутIбуца абуна: гьаб бакIалда нилъеда якъинго бихьулеб буго щал гIолохъаби гьел рукIараблъи. Гьел рукIана жидер иманги къвакIарал, чурхдулги щулиял, жидер къавмалъ гьабулеб ширкалда данде гучаб инкарги гьабурал. Гьел гIолохъабазда бичIчIана нух кIийиде бикьун букIин ва гьеб данделъизе рес гьечIеблъиги. Гьезда бичIчIана гьеб къавмалъул гуч ва зулму жидералдаса цIикIкIараб букIин, гьезда данде рахъани жал гьалаглъулеблъи ва гьез къасд гьабуна жидер иманги, динги, гIакъидаги цIунун гьел гIадамазда гьоркьоса лъутизе. Гьаб буго Аллагьасул цIакъ кIудияб рахIмат! Гьаб буго ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) унгого жив лъарал лагъзадерие гьабулеб цIоб рахIмо!-абун.

**I7. Дуда бакъги бихьула, я гьав инсан, жиб баккараб мехалъ гьеб нохъоялъул кваранаб рахъалдехун унеб, жиб тIерхьулеб мехалъги гьеб нохъоялдаса рикIкIалъун квегIаб рахъалда унеблъун, гIолохъабиги нохъоялъул гIатIилъиялда руго.** Гьел гIолохъабазда тIад бакъ щоларо. **Гьаб дуе бицунеб нохъода рукIарал гIолохъабазул хабарги ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) гIаламатаздасан цо гIаламат буго.** Иман лъезе бокьарав чиясе Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабиги буго. **Аллагьас хIакъаб диналда тIовитIарав чи вуго жив тIовитIарав. Аллагьас жив къосараб нухда тарав чи, гьев чи битIараб нухда тIовитIулев цониги вали вукIуларо ва цониги муршидги вукIунаро.**

**I8.** Дуда гьел гIолохъаби рихьун рукIаралани я МухIаммад ﷺ, **дуца хIисаб гьабилаан гьел рорчIун ругин абун:** жидер берал рагьаралгIадин рукIун, жалги цо хьибилалдаса цоги хьибилалда сверулел рукIун**, амма гьел кьижун руго. Дица руго гьел сверизарулел цин кваранаб цинги квегIаб хьибилалда. Гьелгун цадахъ букIараб гьвейги нохъодул кIалтIа бегун буго, жинца квачIалги щвакун, гьезда тIад бетIерги лъун**. Жинца гьел гIолохъаби цIунун ругеб гIадин буго гьеб. **Мун гьезда тIаде ваккун вукIурав ани ва дуда гьезул хIалги бихьун букIараб ани, мун хIинкъун, мугъ бан лъутун ине вукIана. Ва мун цIакъ хIинкъизеги вукIана.**

**I9. Гьединго дица гьел гIолохъаби макьидаса рорчIизарун тIад рахъинаруна, гьел цоцазде гьикъардизе. Жидер цояс абуна: «КигIан мехгIаги бараб нилъеца гьаб бакIалда кьижун» - абун. Цогидаз абуна: «Нилъеца гьаниб цо къоялъул дагьаб заман бана, яги цо къо бан батила» - абун. Хадубги цояз абуна: Аллагьасда (عز وجل)лъикI лъала нилъеца гьаниб кигIан замана бараблъи абун.** Цинги жидеца хабар къокъ гьабуна ва жидее квен ва лъим къваригIун букIин бичIун цоцаздехун абуна: **«Нилъер цояв ине ккела шагьаралде гьаб гIарацги босун, гьевги балагье бацIадаб, хIалалаб тIагIам щибдай бугоян абун ва гьеб босун нижехъе вачIа абе. Жив цIодорго вукIа абе гьеб шагьаралда лъугьунеб мехалъ ва тIад вуссун вачIунеб мехалъги, гьаб нилъ ругеб бакI лъидаго лъачIого букIине.**

**20. Гьеб квешаб къавмалъе нуж ругеб бакI лъанани гьез нуж гамчIал речIун хвезаризе руго, яги жидер батIулаб диналде руссинаризе руго. Гьезул мурадги тIубан купру-ширкалда тIад рекъон чIани абадиялъго нужер талихI батизе гьечIо ва нужги бахьикъосараллъун лъугьине руго» - абун.** Гьадин васиятал гьарун витIана гьез цояв квен-тIех босизе: гьев залимав ханасда жал ругеб бакI лъазе бокьичIого ва жидер диналдаса руссине бокьичIого.




**2I. Дица гьел гIолохъабазул амру загьир гьабун гьезда тIаде гIадамал раккизаруна: гьел гIадамазда лъазе къиямасеб къо букIин ва гьениб халкъ тIад бахъизабиги хIакъаб амру букIин. Гьел гIадамал цоцадехун къецандараб мехалъ гьел гIолохъабазул амруялъул бицун: цояз абулеб букIана гьеб нохъодул кIалтIа кIудияб мина бай абун** гьеб бакI хадусел гIадамаздаги лъазе. **Аллагьасда лъалин гьел гIолохъабазул хIал-абун.** Цогидаз абулеб букIана: гьеб бакIалда масжид базе кколин, **Жидер амру бергьараб къавмалъ абуна нижеца гьаб бакIалда масжид базе буго абун.** Гьез масжид бана, гьел гIемерал ракIиналъ гьезул рагIиги бергьана.

**22. ГIемер заман гьоркьоб ун гьел гIолохъабазул бицен гьабун гIадамаз абизе буго: гьезул лъабго чи вукIана, ункъабилеб гьвейги букIана абун. Цоги гIадамаз абизе буго: гьезул щуго чи вукIана анлъабилеб гьвейги букIана»-абун.**

Гьаб рагIи жидеца абизе буго жидеда лъалареб жо бицун**.** Гьезул мисал буго жидеда бихьулареб жоялда гамачI рехулесда релълъун. Нагагь гьеб гамачI гIужда щваниги гьев чиясул щибго гьунар бакIунаро, ва гьесие кьолеб къиматги букIунаро.

**Цоги гIадамаз абизе буго: гьел анкьго гIолохъанчи вукIана ва микьабилеб гьвейги**

**букIана абун. Дуца абе МухIаммад ﷺ: «дир БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) лъала гьел гIолохъаби чан рукIаралали. Гьеб жо битIараб хIалалъ лъаларо дагьалго гIадамазда гурони»-абун.** Аллагьас жидеда хIакъаб жо лъазабурал гIадамал руго гьел. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: дун вуго гьел дагьал чагIаздаса, гьел акьго гIолохъанчи рукIана. Аллагьас гьел рикIкIана анкьгоялда щвезегIан-абун.

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нилъеда баян гьабулеб буго гьадинаб масъалаялъулъ нилъеца гьабизе кколеб жо ва хирияв аварагасда абулеб буго: **мун гьел китабиялгун къацандуге дуда лъалеб хIакъаб жо бицун гурони. Дуца гьел ягьудияздаги гьикъуге гьел асхIабул кагьфазул хIакъалъулъ.** Дица дуда вахIю гьабураб жо гIезе буго дуеги дур умматалъеги жинда мугъчIвай гьабизе ва жинда иманлъезе. Гьелдаса тIадехун щибго жо лъаларо гьел китабиязда. Жегиги гьез бицунеб жо гIемерисеб гьереси букIуна.


**23. Дуца щибго жоялъул хIакъалъулъ абуге МухIаммад ﷺ: дица гьеб иш метер гьабизе бугин абун,**

**24. Дуца гьеб ргIиялда цадахъ Инша-Аллагь абун гурони. Цо къотIи гьабулеб мехалъ дуда Аллагь (عز وجل) рехсезе кIочани, дуца гьев рехсе дуда ракIалда щвараб мехалъ ва кидаго Аллагьасул ТIадегIанлъи ва Къудрат ракIалда чIчIезабун хьваде, ва дуцаги абе: Аллагьасда божи буго дир гьес дун жегиги битIараб нухда тIовитIилин абун.**

**25. Гьел гIолохъаби нохъоялда жанир кьижун рукIана лъабнусго соналъ. Гьелда тIадеги ичIго соналъ.** Гьаб ргIиялъул тапсир гьабурал гIалимзаби хилиплъун руго гьаб ичIго сон щиб бугеб абун. Цо гIалимзабаца абуна: гьеб буго моцIрол хIисабалда сонал рикIкIараб мехалъ бакъул хIисабалда рикIкIараб лъабнусго соналда тIаде бачIараб ичIго сон абун. Цоги гIалимаз абуна гьеб буго гIарабиязул мацIалъул къагIида ва жидеца гьедин абула жидер шигIруялъулъ ва хабаралъулъ абун. (ай лъабнусгоги ичIгоги абун).

**26. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Аллагьасда лъала хIакъикъаталда чам сон гьел гIолохъабаца гьеб нохъода бараб. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) амруялъулъ буго ва гьесда кодоб буго зобал-ракьазда жаниб бугеб балъгояб жоялъул лъайи» - абун. Гьев Аллагьасул кинабго жо бихьиялъул гIажаибаб хIал буго ва гьесда кинабго жо ргIиги цIакъ гIажаибаб хIалалъ буго. Гьаб кинабго халкъалъе гьев Аллагь гурев цоги вали гьечIо.** Ва квербакъулев чиги гьечIо. **Гьев Аллагьас жинца гьабулеб хIукму-къадаралъулъ щивго чи гIахьал гьавуларо.**

**27. Дуца цIале МухIаммад ﷺ дица дуда вахIю гьабураб Къуръан. Гьеб буго щивго чиясда жиб хисизабизе кIолареб. Дуда гьев Аллагь гурев цоги щивго ватизе гьечIо жинда мугъчIвазе бегьулев ва жиндихъе кIанцIизе бегьулев.**




**28. Дуца сабру гьабе радалги, къасиги Аллагь (** عز وجل **) рехсеялда тIадчIей гьабурал муъминзабигун цадахъ чIчIун, гьел гIадамал руго жидеца Аллагь разилъи тIалаб гьабулел. Мун гьездаса вуссуге, гьел мискинал гIадамал ругин абун ва мун валагьуге жидер къадро ва бечелъи бугел гIадамазда, гьелгун цадахъ гIодов чIчIезе бокьун ва гьезул къадро кIодолъи, хиралъи берцин бихьун. Мун мутIигIлъуге дица жиндир ракIалда тIад кIул барав чиясул хабаралда.** Жиндир рекIелъ Аллагь лъаялъул нур лъугьунарев, жинца гьевги рехсоларев **жиндирго гьава-нафсалда нахъ вилълъарав, жиндир ишги гIададе хварав, гьалаглъаравлъун жив вугев.** Дунялалъул бечелъиялъ Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса жив машгъул гьавурав.

**29. Дуца гьел дунял бокьарал ва чIухIи рецц рекIелъ бугел гIадамазда абе: «Нужер БетIергьан Аллагьас хIакъаб дин загьир гьабун буго. Жидее бокьарал гIадамал исламияб диналде рачIа абе, жидее бокьарал жидерго купру-ширкалда чIа абе. Аллагьасда (**عز وجل**) гIасилъарал, гьесул нигIматазда инкар ккурал, гьесул Къуръанги аварагги гьереси гьарун, жидца напсазе зулму гьабун хьвадарал гIадамазе дица жужахIалъул цIа хIадурун буго. Гьеб цIадул сангар жидеда сверун лъугьунеб буго. Гьез гьекъезе лъим тIалаб гьабураб мехалъ гьезие лъим гIадаб жо босун бачIуна. Жиндир бухIи бергьараб: гьалдолеб нах гIадаб, яги биине гьабураб тIухьи гIадаб. Жиб гьекъезе абун гьумералда аскIоб гIагар гьабураб мехалъ жинца гьурмал рухIизарун гьезул гьан бежулеб. ЦIакъ квешаб гьекъолеб жо бугоха гьеб бухIараб гьекъолеб жо ва цIакъ квешаб руссунеб бакI ва жанир чIолеб бакI буго гьеб жагьаннама.**

**30. Жидеца Аллагьасда иман лъун, гьесул расуласда нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе дица гьезул ажро-кириялдаса щибго жо гIадада хвезабуларо.**


**3I. Гьал муъминзаби руго жидее ахираталда алжанал хIадурун ругел. Жал даимго гьел алжаназда жанир рукIунел, гьел алжаназда жаниса батIи-батIиял нигIматазул гIоралги чвахула. Гьезда тIад кинаб бокьаниги багьа тIадегIанал жалазул курхьин-кIиликI бан букIуна. Жидеда тIад гIурчинаб кьералъул алжаналъул ретIелги ретIун букIула; биццатаб ва тIеренаб дарай-сундусалъул жиб гьабураб. Гьел алжаназул ахазулъ, жидер кIалгIабазул рагъабазда, тахазда гIодор чIун ва хьибил чIван рукIуна муъминзаби. ЦIакъ лъикIаб ажро кири бугоха Аллагьасул (**عز وجل**) рахъалъан гьал муъминзабазе ва цIкъ берцинаб руссунеб бакIги, жиндаса лазат босулеб бакIги бугоха гьеб алжан.**

**32. Дуца гьел мискинал муъминзаби дуда аскIор тоге абулел мушриказе мисал бече МухIаммад ﷺ кIиго чиясул. Дица гьев кIиясулго цоясе гьабуна цIолбол кIиго ах, жинда жаниб батIи-батIияб тайпаялъул гьуинаб ва лазатаб цIибил бижулеб. Гьеб кIиябго ахалда сверухъ чамастакил гъутIбиги гьаруна гьел ахазда гьоркьоб бекьулеб хурги гьабуна.** Гьениб жаниб чваххун унеб лъимги букIана. Инсанасе букIине бокьулеб ва гьесул жинда ракI гъолеб берцинаб ах-хур буго гьеб. Тапсиралъул гIалимзабаца абуна: гьав кIиго чи бануисраилазул кIиго вацц вуго, цояв жинца иман лъурав, цогидав иман лъечIев. Гьав кIиясего эменги хун ирсалъе гIемераб боцIи-мал щвана. Гьев капурав вацас гьеб малалъухъ кIиго ах босана. Муъминав вацас жиндие щвараб боцIи садакъаде бикьана ва живги Аллагьасе (**عز وجل**) гIибадат гьабиялда тIад чIчIана.

**33. Гьеб кIиябго ахалъ щибго гъветI гьоркьоб хутIичIого лъикIаб, бечедаб пихъги кьолеб букIана, гьеб лъалъазе даимго чваххулеб лъимги букIана.**

**34. Гьев капурав вацасе гIемераб пихъги букIана:** цIибил букIана батIи-батIияб тайпаялъул, чамастакги букIана, хуриб бижулеб тIорщел ва бахча бакIана. **Цинги гьес жиндир гьалмагъасда**

**абуна, жив гьесда данде чIухIун кIалъалевлъун вукIун: «дун дудаса бечедавги вуго, дир гьудулзабиги гIемер руго, дие хъулухъ гьабулел гъарабащалги гIемер руго»-абун.**




**35. Цинги гьев жиндирго ахикь жанив лъугьана** квер ккун цадахъ вацги вачун ва гьесда жиндир ах-хур бихьизабизе лъугьана. **Гьелдалъун вохун, Аллагьасе (عز وجل) шукру-рецц гьабичIого гьев жиндирго напсалъе зулму гьабулевлъунги вукIана.** Гьесги абуна: **«Дида ракIалда кколаро кидаго гьаб нигIмат дида тIаса инин абун.**

**36. Дида ракIалда кколаро къиямасеб къо чIелин абун ва ахиратги, хIисаб-мизанги букIилин абун. Нагагь гьеб ахиратги букIун дун дир бетIергьанасухъе вуссинавизе ватаниги, гьенибги дие гьаб дунялалда бугелдасаги лъикIаб магIишат ва бечелъи букIине буго» - абун.**

**37. Гьесдехун жиндир муъминав вацас абуна,** гьев кантIизе бокьун ва гьес иман лъелародай абун: **«дуца инкар кколебищ бугеб жинца мун ракьалдаса вижарав Аллагьасда (عز وجل). Цинги мун вижарав манидал къатраялдаса ва мун гьадинав сахав, берцинав, лугби рекъарав, гIакъло-лъай бугев инсанлъун гьавурав.**

**38. Дун ракI-ракIалъ божарав вуго дир БетIергьан Аллагь вукIиналда: жинца дун вижарав ва жинца дун хьихьулев, дица жиндие гIибадат гьабизе тIадав. Дица гьев Аллагьасе (** عز وجل**) гIибадат гьабула ва гьеб гIибадаталъулъ дица гьесде щибго жо гIахьалги гьабуларо.**

**39. Дуца гьаб ахикь жанив лъугьунеб мехалъ абун букIарабани: «Машааллагь! ЦIакъ берцинаб, бечедаб ах кьун бугоха Аллагьас дие. Гьаб ах бижизабизе, гьадинаб бечедаб пихъ гьениб бижизабизеги кIоларо цохIо Аллагьасда (عز وجل) гурони» - абун.** Гьеб букIана дуе лъикIаб ва дуца абизе рекъараб. **Дуда дун вихьулев ватани боцIцIиги, васалги дагьавлъун:**

**40. Дир божи буго дир бетIергьан Аллагьасда (عز وجل) гьес дие гьаб дуралдасаги лъакIаб ах-хур кьелин абун. Гьаб дур ахалда тIадги Аллагьас зодисан цо балагь биччалин ва гьаб бакI тIад рахъун чIчIезе кIолареб цIвакараб къоно гIадин гьабилин абун. Жиндие бокьани гьеб гьабизе кIолев вуго Аллагь (عز وجل).**

**4I. Гьеб дур ахикь бугеб лъим тIагIун ракьулъе ине бегьула, цинги дуда гьеб лълъим тIалаб гьабизе ва батизабизе кIоларо.**


**42. Гьесул пихъ барщараб ахалда тIаде Аллагьас (عز وجل) жиндир балагь биччана ва гьеб кIалагъокье сверун, щибго жиндаса мунпагIат босизе бегьулареб хIалалде сверана. Гьенив эхетун, цоялда цояб хъат кьабун, чара тIагIун зигардулев гьеб ахил бетIергьанги хутIана: жинца гьелъухъ кьун букIараб боцIи-малги ракIалда щвана гьесда. Цинги гьес абуна: «Вай дие бугеб къварилъи! Дица Аллагьасде щибго жо гIахьал гьабун ширк гьабун букIинчIебани» - абун.**

**43. Гьесие квербакъулеб цониги къокъаги букIинчIо Аллагьасул (عز وجل) гIазаб жиндаса нахъчIвалеб. Гьесда жиндагоги щибго жо гьабизе кIвечIо жиндир ах-хур Аллагьас гьалаг гьабураб мехалъ. Гьесда данде вахъун, гьесдаса рецIел босизе кIвечIо.**

**44. Гьадинаб хIалалда ккараб мехалъ кинабго ихтияр Аллагьасда кодоб букIуна. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинца лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе дунялалъул рукъоб лъикIлъи гьабулев ва гьезие ахираталдаги алжаназул нигIматал хIадурун руго.**

**45. Цоги дуца гьел гIадамазе мисал баче МухIаммад ﷺ, гьаб дунялалъул чIаголъиялъул: зодисан рештIунеб цIадалда релъълъун буго гьеб. Гьеб цIадалдалъун ракьалда батIи-батIияб, берцинаб хер-тIегьги бижараб.** Бищунго берцинлъун жинца бер боххизабулеблъун лъугьараб мехалъ **жиб бухIун, бакъван гIодобе араб ва гьороца рахърахъалда бачун унеб харил сумаллъун лъугьараб. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев.** Цо щиб

бугониги жо берцинлъун ва камиллъун бихьараб мехалъ гьеб даимго букIунареблъи, гьеб нахъ буссулеблъи ва тIаса унеблъи лъазе ккола. НигIматазда шукру гьабиги балагьазда сабро гьабиги кидаго чорхолъ куцан чIчIезабизе ккола. НигIматал кьураб мехалъ Аллагь (عز وجل) кIочон, балагь бачIараб мехалъ гьев ракIалде щун рукIин муъминзабазул сипат гьечIо.




**46. Кинабго боцIи-малги, лъимал-хъизанги гьаб дунялалъул берцинлъиялдаса жо буго. Жиндир лъикIлъи ва жинда данде гьабулеб жаза абадиялъго тIаса унареб Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьабураб лъикIаб гIамал буго дур БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) аскIоб батизе лъикIаб ва жиндир ажро кириги гIемераб.**

**47. Жегиги дуца умматалъе вагIзалъун бице МухIаммад къиямасеб къоялъул хабар. Дица мугIрул жал ругеб бакIалдаса ине гьарулеб: самараб квас гIадин гьаршун гIодоре ун гьел мугIрул ракьалда тIад тIиритIулеб. Дица ракьги гьабулеб цIцIан битIараб майданлъун: Дица гьаб ракьалда тIад букIараб кинабго халкъ тIадги бахъинабун, цохIо чи нахъе течIого гьеб майданалда данде гьарулеб.**

**48. Цинги гьеб кинабго халкъ дур БетIергьан Аллагьасда цере мухъал гьарун чIезе гьабулеб къо рехсе МухIаммад ﷺ, дуца умматалъе вагIзалъун. Гьездахун хитIаб гьабун Аллагьас (عز وجل) абула: «Гьанже нуж дида цере рачIанаха дица нуж тIоцерего рижараб хIалалъ.** ТIад ретIел гьечIого, цадахъ боцIи-мал ва хъизан-лъималги гьечIого. **Нуж дунялалда рукIадго кIалъалел рукIана гьаб къо букIине гьечIин, хIисаб-мизанги алжан-жужахIги букIине гьечIин» - абун.**

**49. Гьеб халкъалъул гIамал хъварал кагъталги жидеда цере росун рачIуна. Цинги дуда жидеца мунагьал гьарураб къавм бихьила гьеб кагъталда тIад бугеб жоялдаса жал хIинкъун. Жидеца гьарурал мунагьал гьенир хъван ратидал гьез абула: «Вай нижее бугеб къварилъи, нижер гьалаглъи! Гьаб гIамал хъвараб кагъаталъги щибго жо гъокь тун гьечIо. ГьитIинаб букIаниги, кIудияб букIаниги мунагь гьениб жаниб хъван буго» - абун. Гьедин жидер кинабго гIамал батула кагъаталда тIад хъван ва мухIкан гьабун цIунун. Дур БетIергьан Аллагьас (** عز وجل**) цониги чиясе зулмуги гьабуларо.**


**50. Дица малаикзабада абураб гIужги рехсе МухIаммад ﷺ, нужеца Адамие сужда гьабе абун. Гьел малаикзабаца сужда гьабуна. Амма иблисалъ сужда гьабичIо. Гьеб иблис женазул кIудияб букIана. Аллагьасул (**عز وجل**) амруялда мутIигIлъичIого пасикълъана гьеб иблис.** Ва Аллагьас жиндир рахIматалдаса рикIкIадги гьабуна. **Дунги живго тун гьаб иблисги ва гьелъул наслолъун ругел шайтIабигийищ нужеца гьудулзабилъун кколел, я Адамил (гIв) лъимал**? Нужер кIудияв эмен Адам вижараб къоялдаса байбихьун нужеда тушманлъи лъазабураб, нуж къосизарилин абун гьедараб шайтIан кин нужеца гьудуллъун кколеб? **ЦIакъ квешаб жо бугоха гьал зулмучагIаца хIакъаб диналъухъ хисун босараб.**

**5I. Дица зобал-ракьал рижулеб мехалъ гьел шайтIаби аскIор чIчIезарун рукIинчIо. Гьезул жидерго напсал рижулеб мехалъги гьел цоял-цоязда ралагьун гьеб иш бихьулеллъун рукIинчIо.** Гьел шайтIаби дица бижараб махлукъ буго нуж рижараб гIадинго, гьезда щибго жо гьабизе кIоларо дир изнуялдалъун гурони. **Дица гьел шайтIаби кумекчагIилъунги гьарун рукIинчIо, зобал-ракьал рижулеб мехалъ.** Нуж кин гьел шайтIабазе мутIигIлъулел нужер БетIергьанлъун вугев дида мутIигIлъичIого?

**52. Дица гьел мушриказда абулеб къиямасеб къоги ракIалда щвезабе нужеца: гьанже нуж ахIде нужеца дидахун ширк гьабун жидее лагълъи гьабурал хъанчазда ва гIадамазда. Цинги**

**жидеца ширк гьабурал гIадамаз гьел хъанчазда ахIи бала ва гьез жидее щибго жаваб кьоларо. Дица гьел кIияздаго гьоркьоб гьел гьалаг гьарулеб цIа гьабуна.**

**53. Аллагьасда (عز وجل) гIасилъи гьабурал гIадамазда жужахIалъул цIа бихьула ва жидеда лъала гьеб цIадаре кколеблъи. Гьезда гьеб цIаялдаса лъутун рорчIулеб бакIги батуларо.** Кире жал балагьаниги жидеда сверун лъугьун жужахIалъул цIа букIуна.




**54. Дица гьаб Къуръаналда жанир гIемерал мисалал рачана, далилал такрар гьарун рицана, гIадамазе вагIза-насихIат букIине бокьун. Гьедин бугониго инсан цIакъ къацандизе бокьулев вуго.** Жинда бицараб хIакъаб жоги тун жиндие къваригIун гьечIеб жо цIехолев вуго.

**55. Жидехъе хIакъаб ислам бачIараб мехалъ, Аллагьасул калам Къуръанги босун аварагги вачIараб мехалъ, гьеб дин жидеца къабул гьабичIел, жидер церехун ккарал мунагьазда тавбо гьабун, Аллагьасе гIибадат гьабун хьвадичIел гIадамал руго кутакаб инкаралда ругел гIадамал. Гьел гIадамаазе бокьун буго цересел умматазда бачIараб гIадаб балагь бачIине жидеда бихьун, жалги балагьун.**

**56. Дица умматазда аварагзаби ритIуларо жидеца иман лъуразе алжан букIине бу го абун рохел бицунел ва купру-ширкалда чIаразе жужахI букIине буго абун хIинкъи кьолеллъун гурони. Аллагьасда инкар ккурал гIадамал жидеда хIакъаб жо лъалеб бугониги батIулаб дагIба бан къецандулел руго, гьеб хIакъаб жо жидеца къезабизе бокьун ва гьеб батIулаб жолъун бихьзабизе бокьун. Гьез дир Къуръаналъул аяталги, жидее хIинкъи кьун бицараб хабарги махсароде гьабулеб буго ва гьелда тIад релъанхъулел руго.**

**57. Жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIинев жиндие Аллагьасул аятаздалъун вагIза гьабураб мехалъ гьеб вагIза къабул гьабичIев чиясдаса. Жинца церехун гьарун арал мунагьалги жинда кIочарав, гьезда тавбо гьабизе ракIалдаги гьечIев. Гьединал гIадамазул ракIазда тIад дица тIалъел лъун букIуна, гьезда щибго жо бичIчIичIого бикIине ва гьезул гIундулги гIинкъаллъун гьарун рукIуна гьезда хIакъаб жо ргIиялдаса. Дуца гьел иманалда ва битIараб диналда ахIулел ругониги, дица жидер ракIалги бецаллъун гьарураб мехалъ, гIундулги гIинкъ гьарураб мехалъ, гьел хIакъаб нухалда тIоритIун кколаро.**

**58. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал чурулев ва жив цIакъ лагъзадерида гурхIулев вуго. Гьел гIадамаз мунагь гьабурабго гьелда данде жазаъ гьабулеб букIарабани, гIадамазе цIакъ хехго гIазаб гьабилаан Аллагьас (عز وجل).** ТIадегIанав Аллагьасул хIукму ва къадар гьедин гьечIо. **Гьел гIадамаазул гIамалазе жаза гьабизе къотIи гьабураб заман буго къиямасеб къо. Гьеб къо бачIараб мехалъ ва гьелъул захIмалъи-къварилъиги бихьараб мехалъ гьеб халкъалъул гьелдаса рорчIизе ва кIанцIизе бакI букIунаро.**


Аллагьасул гIадат буго жинда гIасилъарал гIадамал гIазаб гьабичIого толеб гьез тавбо гьабизе бокьун. Мунагь гьабураб хIалалъ гьелда данде гIазаб гьабулеб гIадат гьечIо БетIергьанасул. Гьесул гIазабалдаса ворчIизе бокьарв чияс тавбо гьабизе ккола ва гьесие гIибадат гьабиялда тIадги чIчIезе ккола. Тавбо гьабичIого, гIибадатги гьабичIого хварав чиясе Аллагьасул (عز وجل) гIазаб букIин хIакъаб жо буго.

**59. Къуръаналда жаниб гIемер бицана ццересел умматазул ва росабазул хабар: жидеца Аллагьасда гIасилъи гьабун ракьалда тIад зулму гьабураб мехалъ дица гьалаг гьарурал. Гьел гьалаг гьариялъеги дица бихьизабураб ва къадар гьабураб заман букIана.**

**60. Дуца бице МухIаммад ﷺ, Муса (гIв) аварагас жиндир гьалмагъасда абураб гIуж: дун нухда ине вуго ва дун тIад вуссине гьечIо кIиго ралъад данделъулеб бакIалда щун гурони. КигIан**

**гIемер заман аниги дун гьенив щвезегIан ине вуго абун.** Гьав гьалмагъ вуго ЮшагI бину Нун, жинца Муса аварагасе хъулухъ гьабулев вукIарав ва гьесдаса гIелму тIалаб гьабулев вукIарав.

**6I. КIиго ралъад данделъулеб бакIалда гьел щвараб мехалъ, гьезда жидер чугIа кIочIана.** Гьеб букIана бежараб чугIа, ракъидалго кваназеян цадахъ босараб. **Гьеб ралъдалъе ана чIагояб ччугIагIадин, гьелъ жиндие нухги гьабун букIана ралъдалъе унеб каратI гIадинаб.**




**62. Цинги Муса авараг ва ЮшагI гьеб бакIалдасан араб мехалъ, Мусаца (гIв) жиндир гIолохъанчиясда абуна: «босе нилъер радал кваналеб квен. Гьаб сапаралъ нилълъ сваказаруна, ракъизеги гьаруна.** Нилъеца хIухь бахъине ва дагьаб квенги кваназе» - абун.

**63. ЮшагIица абуна: дуда лъаларищ лъугьараб жо! Нилъ кIиявго доб кIудияб гамачIалде тIаде рукIун, мун кьижун вугеб мехалъ, нилъер чугIа таргьиниса къватIибе бачIун ралъадалъе жанибе ана. Мун макьидаса ворчIараб мехалъ гьеб хабар дуда бицине дидаги кIочана. Гьеб дуда бицине дида кIоченабураб жо шайтIан буго. Гьеб чугIаялъ ралъдалъе жиндие нух гьабуна жинда гIажаиблъулеб хIалалъ.** Муса аварагасе ва ЮшагIие гIажаибаб жо букIана жиб бежараб чугIа жибго таргьиниса къватIибеги бачIун ралъдалъе ин ва гьеб бакIалда каратI нахъ хутIи.

**64. Мусаца абуна: гьеб бугоха нилъеца тIалаб гьабулеб букIараб жо!** Гьеб чугIа нилъедаса батIалъараб бакIалда нилъеда дов Аллагьас жиндие гIелму кьурав лагъ ватизе ккола. **Цинги кIиявго тIад вуссун жал рачIараб нух цIехолаго рачIун доб кIудияб гамачI бугеб бакIалда щвана.**

**65. Гьев кIиясдаго гьеб бакIалда дир лагъзадеридаса цо лагъ ватана дица жиндие дир рахъалъан рахIмат кьурав ва дида аскIоб бугеб гIелмуялдаса цо гIелмуги жинда лъазабурав.** Гьев вуго Хизри.

**66. Муса аварагас Хизрида абуна: «Дун дуда цадахъ чIчIелищ ва мунгун цадахъ хьвадилищ, Аллагьас (عز وجل) дуда лъазабураб гIелмуялдасан дицаги мунпагIат босизе ва дун тIовитIулеб жо лъазабизе» - абун.**

**67. Хизрица абуна: дуда кIвезе гьечIо дунгун цадахъ чIчIун сабро гьабизе.** Дида Аллагьас цо-цо гъаибаб жо лъазабула (балъгояб, рикIкIадаб жо).

**68. Дуда лъалареб жо дица гьабураб мехалъ дуца сабро кинха гьабулеб?** мун вуго загьираб гIелму Аллагьас (عز وجل) кьурав чи. Дуда жиб бичIчIунареб, дур шаргIалда данде кколаре жо дица гьабураб мехалъ дуца гьелда инкар гьабичIого рес букIунаро.

**69. Муса (гIв) аварагас абуна: дуда дун ватизе вуго, Аллагьасе бокьани, (иншааллагь) дица сабро гьабулевлъун, ва дун дур амруялда гIасилъизе гьечIоян - абун.**


**70. Хизрица абуна мун дунгун цадахъ чIчIолев вугони, ва дида нахъ вилълъуневги вугони дуца дида щибго жо гьикъугеян дица гьабураб жоялъул хIакъалъулъ, дица дуе гьеб баян гьабизегIан.** Муса аварагас гьаб шартI къабул гьабуна, ва кIиясго цадахъ чIчIезе хIукму гьабуна.

**7I.** Цинги гьев кIиявго цадахъ ралъдал ргIалдаса гIебеде ана цоцазде хабарги бицунаго. **Гьедин унаго гьев кIиявго цо гамида рекIана, ва гьеб гамида тIад жал рекIун заманго иналде Хизрица цо хъаршиги бахъун, гама жанибе лъим бачIунеблъун гьабуна. Муса аварагас абуна: «Дуца гьаб гамил хъарши бахъана гуришщ! Гьаб гамида ругел гIадамал гъанкъизаризейищ дуе бокьун бугеб? Гьаб дуца гьабураб иш цIакъ квешаб жо буго гуришщ?» - абун.**

**72. Хизрица абуна: «Дица дуда абун букIана гуришщ дуда кIоларин дунгун цадахъ чIун сабро гьабизе» - абун.**

**73. Муса аварагас абуна: «Дуца дида гIайиб чIваге гьеб дидаса ккараб жоялда.** Гьаб буго дир напсалда дуе гьабураб къотIи кIочIон ккей абун. **Дуца дие тамихI къвакIараб гьабуге ва дир амру къварид гьабуге. Дидехун гурхIел ва бигьалъи гьабе** - абун.

**74. Гамидаса рещтIун хадуги жив кIиявго цадахъ унел рукIана. Гьезда данде ккана цо вас ва гьев вас Хизрица чIвана. Муса аварагас абуна: «Дуца гьаб щибго жинда гIайиб гьечIеб напс чIвана гурищ?:** я къисасалъе гьечIеб, я гьеб балугъалъараб, жинца мунагьал гьарурабги гьечIеб! **Гьаб дуца гьабураб жо цIакъ кIудияб мункар буго. Ва гьеб бихьараб мехалъ кIалъачIого чIезе дида кин кIолеб» - абун.**




**75. Цинги Хизрица Мусаде абуна: «Дица дуда абун букIана гуищ дуда дунгун цадахъ чIун сабро гьабизе кIоларин абун.** Муса аварагас гьаб нухалъ гIузру бицичIо ва жив цоги нухалъ Хизригун цадахъ хутIизе нух тIалаб гьабуна.

**76. Мусаца абуна: «Гьанже хадубги дица дуда жо гьикъани дуца дирго гьалмагълъи гьабугеха. Дуца дир гIузру кIиго нухалъ къабул гьабуна. Гьанже дица хилиплъи гьабуни дуе ихтияр буго диргун гьабураб къотIи бихизе» - абун.**

**77. Гьанжеги кIиявго цадахъ церехун ана. Цоги росулъе щвараб мехалъ гьез ракъунги рукIун гьеб росдал агьлояда гьарана жидее гьоболлъи гьабейин абун. Гьел гIадамаз нахъчIвана гьезул гьари ва гьезие гьоболлъиги гьабичIо. Цинги гьев кIиясдаго гьениб цо къед батана жибги гьетIун, биххун ине гIагарлъун бугеб. Хизрица кверал чIван гьеб къед битIизабуна. Муса аварагас абуна: «Дуе бокьун букIараб ани дур ихтияр букIанаха гьаб хIалтIиялъухъ мухь босизе» - абун.** Нилъ ракъунги ругелъул, гьаз нилъее гьоболлъиги гьабулеб гьечIелъул, гьеб къед къачIаралъухъ мухьги босун гьелъухъ бичун тIагIам босизе бегьилаан нилъецаян абуна Мусаца (гIв).

**78. Хизрица абуна: «Гьаб бугоха мунги дунги кIиявго цоцадаса ратIалъулеб заман.** Гьебги дурго къотIиялда рекъон буго, дица дуе щибго къотIиги хвезабичIо. **Нилъ кIиявго ратIалъилелде ццебе дица дуда бицине буго дуда сабро гьабизе кIвечIого дуца дида гьикъараб гьаб лъабго масъалаялъул хIикмат» - абун.**

**79. Доб гама букIана гIицIго мисканал гIадамаз жиндалъун бетIербахъиги гьабулеб, ва жидер залимзабаде данде чIезе хIалкIолъиги гьечIел гIадамазул гама. Дие бокьана гьеб гама цо гIайиб бугеблъун гьабизе. Гьел унеб нухда цо залимав хан вукIана, жинца гIадамазухъан гьезул гуми хIал гьабун рахъулев.**

**80. Дов дица чIварав васасул эбел-эмен рукIана иман лъурал, Аллагьасе (عز وجل) лагълъи гьабулел, купру-ширкалдасан рикIкIад чIарал гIадамал. Дун хIинкъун вукIана дов вас кIудияв гIураб мехалъ гьес жиндир эбел-эмен къосинарилин, гьес дозие къварилъиги гьабилин абун.**


**8I. Дие бокьана гьезул БетIергьан Аллагьас (عز وجل) гьев капурав васасул бакIалда гьезие цо лъикIаб лъимер кьезе: жинца Аллагьасе лагълъи гьабулеб ва эбел-имсуда гурхIелги гьабулеб.**

**82. Доб жиб биххун унеб букIараб къед букIана гьеб шагьаралда вугев кIиго ятимасул. Гьеб къедалъул кьучIалда гъокь лъун, гьениб бахчун гьезул лъикIав инсуца гьезие тараб хазина букIана. Дур БетIергьан Аллагьасе (عز وجل) бокьун букIана гьеб хазина гьениб хутIизе гьев кIиявго вас балугъалъун жидер гIакъло-тадбир камиллъиялда щвезегIан. Гьебги букIана дур БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) рахIмат:** лъикIав инсул баракаталдалъун гьесул нахъе хутIарал ятимазе хазина цIуни. **Гьаб иш дица гьабичIо диего бокьун. Гьаб бугоха дуда сабро гьабизе кIвечIого дуца дида гьикъардараб ишалъул магIна.**

ГIалимзабаца абуна: эбел-эмен лъикIал рукIиналъ лъималазе мунпагIат гьабула. Гьев кIиявго васасул анкьабилев эмен вукIана жив лъикIав лагълъун. Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад

гьабурав. Гьеб заманаялдаса нахъе цIунараб хазина букIана доб къедалда гъоркь. Аллагьас (عز وجل) гьеб хазина жидее кьезе мустахIикъаб насло ццебе бачIинегIан гьелъул тадбир гьабуна. Гьеб хазинаги гIарац-месед букIана Къуръаналъул магIна хал гьабун ва гIемерисел гIалимзабазул тапсиралъул магIна хал гьабунги. Цо гIалимас абуна гьениб бугеб хазина гIелму букIана абун. Гьаб рагIи жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса бицараб буго.

**83. Дуда гьел мушириказ гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, жидеда бицеян Зулкъарнайнил хабар: щивчи гьев вукIарав ва щиб къисса гьесул бугеб абун. Дуца гьезда абе: дица нужеда бицина гьесул къисса дида вахIю гьабураб хIалалъ.**




**84. Дица гьев Зулкъарнайние ракьалда тIад цIакъ рес рекъезабуна.** Ханлъи кьун, къуват гуч кьун, улкаби мукIур гьарун, шагьарал ва росаби гIуцIцIун. **Гьеб ханлъиялда жив шолел сабабалги рекъезаруна.** ГIелму-гIакълу кьуна, махшел кьуна.

**85. Гьев Зулкъарнайни Аллагьас (عز وجل) жиндие бихьинабураб нухда лъугьана ва бакъ тIерхьул рахъалдехун ана.**

**86. Жив бакъ тIерхьул рахъалде щвараб мехалъ жинда бакъ бихьана цо хьуцIилъе (болото) тIерхьун унеб бугеб гIадин. Гьеб бухIараб хIаршалда аскIоб жинда цо къавмги батана. Дица гьев Зулкъарнайнида илгьам гьабун абуна: «Дуе бокьани гьал гIадамал чIвай дуца, бокьани гьел чIвачIого тун берцинаб дагIват гьабун иман лъеялда ахIе» - абун.**

**87. Гьес абуна: «Гьеб къавмалъул купруялда чIарал ва иман лъезе бокьичIев чиясе дица гIазаб гьабила:** гьесие дагIват гьабун хадуб. **Гьев ахираталда Аллагьасде (عز وجل) вусине гьавураб мехалъ гьенибги гьесие цIакъ квешаб жужахIалъул гIазаб букIина.**

**88. Ва амма жинца иман лъурав чи ва лъикIаб гIамал гьабун шаргIалда рекъон живги хьвадарав, гьесие Аллагьасда (عز وجل) аскIоб цIакъ лъикIаб жазаъ буго. Дица гьесие дунялалдаги бигьалъи гьабила ва захIматаб таклиф тIад къачIого тела.**

**89. Цинги Зулкъарнайни сапаралда ана ва гьанжесалалъ гьев бакъ баккудехун ана.**

**90. Гьев бакъбаккул рахъалда щвараб мехалъ жинда бакъ баккулеб батана гьениб бугеб цо къавмалда тIад, гьеб бакъул бухIиялдасан жал цIунулеб щибго жо гьечIел.**

**9I. Гьеб къавмалъеги Зулкъанайница доб бакъ тIерхьул рахъалда батараб къавмалъе гьабурабго жо гьабуна:** гьезда иман лъеян абун дагIват гьабуна, Аллагь цо вукIин, гьесие гIибадат гьабизе тIад букIин бичIинабуна. **Дида Зулкъарнайнил киналго хIалалги лъала, гьесул кинабго къиссаги лъала.**

**92. Цинги гьев цогидаб рахъалде валагьун сапаралде ана.** Бакъ баккудаги бакъ тIерхьудаги гьоркьоб бугеб рорхатал мугIрул ругеб рахъалдехун ана гьев.

**93. КIиго борхатаб сангар бугеб бакIалде щвараб мехалъ, Зулкъарнайнида гьеб кIиябго мегIералда щолеб бакIалда цо къавм батана жидеда бицараб жо бичIунарел, жидеца бицунеб жоги бичIунарел.**


**94. Гьеб къавмалъ абуна: Я Зулкъарнайн! Яъжуж маъжуж абулеб къавмалъ ракьалда тIад цIакъ пасалъи гьабулеб буго.** Адамил лъималаздаса бугеб насло буго гьеб жидер тIабигIатал къабихIал, жидер чурхдулги сурукъал: цоял цIакъго халатал, цоял цIакъго къокъал. Жидеца гIадамалги чIвалел гьезул гьанги кваналел, гьезул мугIишатги нахъе бакIарун унел. **Нижеца дуе мухь кьелаан дуца гьаб кIиябго мегIералда гьоркьоб бугеб бакI къед гьабун бацани ва нижедаги гьездаги гьоркьоб щулияб сангар гьабуни**.

**95. Гьес абуна: Аллагьас (عز وجل) дие кьураб бечелъиги къуватги лъикIаб буго нужехъан мухь босиялдаса. Нужеца дие кумек гьабе нужер къуваталдалъун. Дица нужедаги гьездаги гьоркьоб цIакъ щулияб, кутакаб сангар гьабила.**

**96. Нужеца дихъе маххул къотIелал росун рачIа** ва гьел цоцазда тIад лъе дица бихьизабураб бакIалда ва дица баян гьабураб хIалалъ. **Цинги гьеб маххул къотIелал цоялда цо тIадлъун кIиябго мегIералда гьоркьоб бугеб бакI цIураб мехалъ** (буччараб мехалъ) **ва гьелда сверухъ кIудияб цIаги бакараб мехалъ, Зулкъарнайница абуна: «гьанже нужеца кIудиял цIа пулел жалги лъун** (гьаперо) **гьеб мехалда тIаде цIа пуе»-абун.**

**Цинги гьез цIа пун гьеб маххъ багIарун цIа гIадин лъугьараб мехалъ гьес абуна: «Гьанже нуж рачIа багIаризабун биинабураб тIохьи ва пахь жубараб жо босун, гьеб доб багIарун цIагIадин бугеб маххалда тIаде тIезе»- абун.** Гьеб биине гьабураб тIохьи ва пахь жубараб жо тIаде тIураб мехалъ маххги гьебги цоцалъ жубана ва цогояб, кутакаб сангар лъугьана.

**97. Гьеб квешаб къавмалда кIвечIо гьеб къедалда тIаде рахине,** гьеб цIакъ борхатаб, цIвакараб букIун. **Гьединго гьезда кIвечIо гьеб къед борлъун каратI гьабизеги.** Гьеб къвакIараб ва гIебаб букIун. Гьеб къедалдалъун Зулкъарнайница яъжуж маъжужазул балагьалдаса ва пасалъиялдаса гьел гIадамал цIунана.




**98. Зулкъарнайница абуна: гьаб къед буго Аллагьас (عز وجل) лагъзадерие гьабураб рахIмат ва гьесул нигIмат. ТIадегIанав Аллагьас къадар гьабураб гIуж щвараб мехалъ гьеб къед Аллагьас (عز وجل) ракьалда тIад гIодоб лъезе буго жиб букIинего букIинчIеб гIадин. Дир БетIергьанасул къотIиги жиб букIин хIакъаб буго.**

**99. Гьеб къоялъ дица гьезул цо къокъа тана цоги къукъаялда тIаде лъугьунеблъун;** жидер гIемерлъиялъ цоцалъ жубан, цояз цоял мерхьулеблъун. **Цинги Исрафилас сур пула:** гьеб буго къиямасеб къо чIун хадуб пулеб сур. **Гьеб сур пураб мехалъ доб тIаде бахъинабураб кинабго халкъ хIисаб-мизан гьабизе гIарасат майданалда данде гьабун БетIергьан Аллагьасда ццебе чIчIезабула.**

**I00 - I0I. Дица жагьанамаги загьир гьабула капурал гIадамазе, дунялалда гьезул берал беццал рукIарал, Жидеда Аллагьасул (عز وجل) каламги ргIулеб букIинчIел.**

**I02. Гьел капурзабада ракIалда кколебищ бугеб жидеца алагьзабилъун дир лагъзал кквелин абун.** Дунги живго тун дие гьабизе тIадаб гIибадат гьезие гьабилин абун. **Ва гьел авлияаллъун ккун гьезул кумекалда хьул лъун жал хьвадилин абун. Гьезие ахираталда хIадурун буго даимго гьел жанир рукIунеб жужахIалъул цIа. Гьеб буго гьезие бугеб гьоболлъи жидеца гьабураб гIамалалъе жазалъун.**

**I03. Дуца гьезда абе МухIаммад! «Дица нужеда бициниш щив вугев абун ахираталде щвараб мехалъ жиндир кинабго гIамал гIадада хвараблъун батулев чи?**

**I04. Гьел руго дунялалъул рукъоб жидеца гьабулеб гIамал батIулаб букIарал гIадамал. Жидеда ракIалдаги кколеб букIарал жал цIакъ лъикIаб гIамал гьабулел ругин абун.**

**I05. Гьал гIадамал руго ахираталда жидер гIамал батуларел, гьелъул ажро-кири щоларел. Аллагьасул (عز وجل) каламалда ва ахират букIиналда инкар ккурал, гьеб сабаблъун жидер гIамал гIадада хварал. Къиямасеб къоялъ гьезул Аллагьасда аскIоб щибго къимат букIунаро ва гьезул гIамалазул цIадираялда тIад бакIлъиги букIуларо.**

**I06. Гьел гIадамазе бугеб жаза жагьаннама буго, гьез Аллагьасдаги ахираталдаги инкар ккун букIиналъе гIоло. Гьез Аллагьасул расулги, гьесда рештIине гьабураб тIехьги гьереси гьабун бугелъул, гьел махсародеги ккун ругелъул.**

**I07. Аллагьасда (عز وجل) иманги лъун, гьесул расуласда ﷺ нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамал, гьезул руссунеб ва рештIунеб бакI букIуна пирдавус алжан. Гьеб буго Аллагьас гьезие хIадурун бугеб гьоболлъи.**


**I08. Даимго рукIинелъун лъугьинарула гьеб пирдавус алжаналде жанире, ва гьезие бокьуларо гьеб алжанги тун, цоги батIияб бакIалда ине.**

**I09. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Ралъдал лъим букIарабани Аллагьасул (عز وجل) калимаби ва хIикматал хъвалеб шакъилъун.** Аллагьасул гIажаибал аятал ва гIаламатал хъвалеб, гьев цо вукIиналда тIоритIел гьабулел хIужаби хъвалеб. **Гьеб ралъдал лъим тIагIине буго жиндалъун хъвадарун, амма Аллагьасул калимаби ва хIикматал хъван тIубазе гьечIо. Цогиги гьединабго шакъидал ралъадалдалъун хъвадараниги хъван тIубаларо Аллагьасул калимаби» - ян.**

**II0. Жидеца дур авараглъи гьереси гьабулел мушриказда дуца абе МухIаммад ﷺ: дун вуго нужедаго релълъарав инсан, Аллагьас дида Къуръан вахIю гьабурав. Дица нужеда лъазабулебги буго нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан цохIо Аллагь (عز وجل) вугин абун.** Гьесие щивго гIахьалчиги гьечIо, гьев щибго жоялда хIажатавги гьечIо, гьесда аскIоб киналгIаги хъанчаз ва гIадамаз шапагIат ва кумек гьабуларо. Гьесул хIукму хисизабизе, гьесул амру тIубачIого букIине щибго жоялда кIоларо.

**Жиндие бокьун щив чи вугониги гьев БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) берцинаб данд чIвай гьабизе,** Аллагь разилъи ва гьесул нигIматазул алжанал щвезе, **гьев чияс шаргIалда рекъон лъикIаб гIамал гьабе!** Аллагьасул парз тIубай аварагасул суннаталда нахъвилълъа, Аллагьас хIалал гьабураб хIалал гьабе, гьес хIарам гьабураб хIарам гьабе. Аллагьасул амру-нагьюги тIубай.

**Жиндир БетIергьан Аллагьасе (عز وجل) гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жоги гIахьал гьабуге.** Гьаб кIиго кIудияб рукно буго нилъеца гьабулеб гIамал Аллагьас къабул гьабизе ккани ва нилъее гьелъул ахираталда ажро-кириги букIине ккани: Аллагьасул (عز وجل) шаргIалда рекъон гIамал гьаби ва гьесие гурони гIибадат гьабун гутIи, гьеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабун гутIи.




**Сурату Маръям**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб ункъоялда анцIила микьго аят бугеб.

**I. Каф, Гьа, Я, Гайн, Свад.** ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъала гьал хIурупаздалъун бугеб жиндир мурад. Къуръан жинца инсан гIажиз гьавулеб Аллагьасул калам букIиналда тIоритIел буго гьел хIурупаздалъун гьаб сурат бай бихьиялъулъ.

**2. Гьаб буго дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) жиндир лагъ Закарья аварагасе гьабураб рахIматалъул бицен.**

**3. Гьев Закарьяца жиндир БетIергьанасда ахIараб гIужалъ: гьаракь борхичIого, Аллагьасе хIелун дугIа гьабураб мехалъ.** ДугIа гьабулеб мехалъ гьеб балъго гьаби ва хIелун гьаби Аллагьас жаваб кьеялда гIагараб буго, рияалдаса рикIкIадабги буго.

**4. Закаръяца дугIаялъулъ абуна: Я дир БетIаргьан! Дун херлъун вуго, къуватги дагьлъун буго, дир яхI бахъиги загIиплъун буго. Дир бетIералда тIад хъахIрасги тIибитIун буго.** Бакъвараб харида цIа рекIунеб гIадин хехго бижун гьеб расалъ бетIер цIезабун буго. **Дица дуда гьарараб мехалъ дуца дир дугIаялъе жаваб кьечIогоги течIо.** Дуца дие кидаго лъикIлъи гьабуна, гьанжеги дица дуда ахIи балеб буго ва дуца дир дугIаялъе жаваб гьабиялда хьулги буго.

Сахаватав ва къадрояв чияс цин лъикIлъи гьабураб мехалъ цогиги лъикIлъи гьабулеб гIадат буго. Гьедин бугелъул Аллагьас (عز وجل) жиндие ццебекун гьабураб лъикIлъиялъ Закарьял хьул лъезабуна гьанжеги жиндир дугIаялъе жаваб гьабиялда.

**5. Дун хIинкъун вуго дунги хун нахъе хутIарал дир гIагарал гIадамаз, дир ирс босулез ва дир бакIалда чIун валилъи гьабулез, дин гIадада хвезабилин абун,** гьез дидаса босараб гIелмуги авараглъиги цIуниларин ва гьеб цогидаб халкъалъухъе щвезабиларин абунги. **Дир чIужуги йиго жинца лъимер гьабуларей. Гьей херлъун кIодолъун йиго. Гьаб кинабго иш гьадин бугониги дуца дие цо лъикIаб лъимер кье Аллагь (عز وجل), дир амруялъул валилъун ва варислъун вукIунев.**


**6. Жинца дир ирс босулев ва ЯгIкъубил агьлуялъул аварагзабазул ирс босулев.** Жив авараглъун вукIунев ва жинца гьал ццересел аварагзабазул гIелму ва гIакъло ирсалъе босулев. Гьаниб боцIи-малалъул ирс боиялдаса хабар гьечIо. Аварагзабазул тарикат (гьез нахъе тараб магIишат) ирсалъе бикьуларо, гьеб муъминзабазе садакъаялъе уна. **Дуца гьев вас мун жинда разиявлъунги гьаве дир БетIергьан Аллагь (عز وجل).**

**7.** Цинги ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан гьесда хитIаб гьабуна: **Я Закарья! Дица дуда рохел бицунеб буго дуе ЯхIя абун жинда цIар бугев вас гьавизе вугин абун. Гьеб ЯхIя абураб цIар гьанжелъизегIан цоги чиясда лъечIеб буго.**

**8. Закарьяца абуна: «Я дир БетIергьан! Дие лъимер кин букIунеб дир чIужу лъимер гьабуларей йигеб мехалъ, дунги херлъун мугъ къуларав чи вугеб мехалъ»-абун.**

**9. Аллагьас абуна: «Гьадин бугоха дир амру:** нуж херлъун ругониги нужее цо иман бугев, баракат бугев вас гьавизе. **Гьаб ишги дие цIакъ бигьаяб амру буго. ХIакълъунго дица мунги вижана гьанжеялдаса ццевего щибго жо букIинчIеб бакIалдаса»-абун.**

**I0. Закарьяца абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дие цо гIаламат гьабе дир чIужу къинай лъугьараблъи дида лъалеб»-абун. Аллагьас (عز وجل) абуна: «Дуе гIаламат буго мун гIадамазда кIалъачIого вукIин лъабго сордоялъ тIатIалаго, мун сах-саламатги вукIаго»-абун.** Гьаб лъабго сордогун цадахъ лъабго къоги букIуна. Гьев Закарьял (гIв) мацI ккуна гIадамазда кIалъаялдаса. Жинца тасбихIги гьабулеб букIана, Тавратги цIалулеб букIана, амма гIадамаздехун кIалъазе бокьараб мехалъ мацI ккун чIолеб букIана.




**II.** Гьеб мацI ккураб мехалъ **Закарья михIрабалда вачIана ва жинца гIадамаздехун ишара гьабун гьезда бичIчIизабуна нужеца радал бакъанида Аллагьасе тасбихI ва сужда гьабе абун ва ццебеги гьабулеб букIараб хIалалъ гIибадат гьабе абун.**

**I2.** ЯхIя гьавун гьев кIудияв гIедалго дица гьесда абуна: **«Я ЯхIя, дуца гьаб Таврат кодобе босе ва гьелда тIад бугеб жоги лъазабе цIакъ яхI бахъун, гьелда гIамалги гьабе»-абун. Дица гьев ЯхIя аварагасе гIелму ва гIакълу кьуна жегиги гьев гьитIинавго вугеб мехалъ.**

**I3. Дица гьеб ЯхIя аварагасе кьураб гIелму ва хIикмат буго гьесул эбел - инсуе гьабураб гурхIел ва гьитIинаб къоялдасанго ЯхIя вацIцIад гьавуна квешал тIабигIатаздаса. Гьев Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарав лагьлъунги вукIана.**

**I4. Жинца эбел-инсуе лъикIлъи гьабулевги вукIана, Жив чIухIаравлъун, Аллагьасда гIасиявлъунги вукIинчIо.**

**I5. Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан салам буго ва кIодо гьавиги буго гьев ЯхIя аварагасе жив гьавураб къоялъ, жив холеб къоялъги ва жив къиямасеб къоялъ тIаде вахъинабулеб мехалъги.**

**I6. Дуца Къуръаналда жаниб бице МухIаммад ﷺ, Марьямил къисса. Гьей Марьям жиндир агьлуялдасан рикIкIалъун Байтул мукъадасалъул бакъ баккул рахъалдехун араб гIуж бице.** Аллагьасе гIибадат гьабизе жийго цохIо хутIизе ва жиндие лъилго квалкалги гьечIого букIине.

**I7. Гьеб бакIалда чIчIун, жиндир агьлоялдаги жиндаги гьоркьоб пардавги гьабун гIибадат гьабулей Марьям йикIадго, дица гьелда тIаде витIана дир расул Жабраил малаик ва жив гьелда ццеве вачIана сахав бихьинчиясул сураталда.**

**I8. Мармица абуна: «Дица Аллагьасдалъун цIуни гьарулеб буго дур заралалдаса. Мун Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъулев чи ватани дида аскIов къаге ва дун жийго тун дурго унеб рахъалда а» - абун.**

**I9. Жабраил (гIв) малаикас абуна: дун вуго Аллагьас дуе мунагь-хатIаалдаса вацIцIадав вас кьезе вугин абун духъе витIарав расул - абун.**


**20. Марьмица абуна: «Кин дие вас вукIунев ва дица кин гьев гьавулев дида щивго инсанги хъатIичIеб мехалъ.** Дун росасе арай чIужу гьечIо, дун зина гьабурайги гьечIо»-абун.

**2I. Жабраилас абуна: «Гьадин бугоха БетIергьанасул амру, дуе вас гьавизе жиндие эмен гьечIев. Гьеб амруги Аллагьасе (عز وجل) цIакъ бигьаяб жо буго. Гьеб лъимер гьаби буго гIадамазда Аллагьасул хIалкIолъи лъаялъе сабаблъун букIине ва гьезие рахIматлъунги букIине:** гьев вас халкъ Аллагьасда иман лъеялда ахIулев авараглъун вукIун, гьесдалъун гьел гIадамал битIараб диналда тIоритIулев. **Гьаб Марямица вас гьавизе бугеб Аллагьасул хIукму-къадарги жиб тIубараб хIукму буго жиндие хиси гьечIеб ва нахъе бахъин гьечIеб.**

**22. Цинги Марьямил ургьибе лъимер гьабизе бугеб къинай чIей лъугьана ва гьей жиндир агьлуялдаса рикIкIадаб бакIалде ана.**

**23. Гьеб сагIаталда (**яги ичIго моцIалъ къинайлъун йикIун хадуб**) гьелда лъимер гьабиялъул хIара чIван, гьеб унтиялъ гьалаг гьаюн Марьям бакъвараб чамастакил гъветIалде тIаде яччана ва жинца абуна: «Вай дида бугеб хIал! Дун хун йикIарай ани гьаб амру дида тIаде бачIиялда цеего ва дун гIадамазда кIочон тунги йикIарай ани»-абун.**

**24. Гьелда хитIаб гьабун чамастакил гъветIалъул гьоркьияб рахъалдаса малаикас абуна: Мун пашманлъуге, я Марьям гьаб амруялда.** Гьалда жаниб БетIергьан Аллагьасул кIудияб хIикмат буго. **Дур БетIергьанас дуда гъоркьехун чвахулеб лъим баккизе гьабун буго.** Дуца гьелдаса гьекьезе ва рацIцIалъи гьабизе. **25. Дуца гьаб чамастакил гъветIалъул бакъвараб гIаркьел дудехун цIцIай, гьелдаса дуда тIаде гIатIгояб, гьуинаб чамастак гьаршун бачIине буго.** Гьаб бакъвараб, тIад щибго пихъ гьечIеб чамастакил гъветIалъул гIаркьел Марьямица цIцIараб мехалъ гьелда тIад чамастак бижи цоги гIаламат буго Аллагьасул хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб ва хварал гIадам чIаго гьаризе рукIиналда тIоритIел гьабулеб.




**26. Дуца гьеб** гьуинаб, лазатаб **чамастак кванай,** цIорораб **лъимги гьекъе. Мун гьаб лъимер гьабиялдаса разилъун йикIа, мун гьелда пашманлъуге. Дуда гIадамазул цониги чи вихьараб мехалъ ва гьес дуда гьаб лъимералъул хIакъалъулъ гьикъараб мехалъ, дуца абе: «Дица Аллагьасе кIал кквезе назро гьабун буго, дун жакъа щивго чиясда кIалъазе гьечIо» - абун.**

**27. Цинги Марьям жиндир агьлуялъухъе ячIана гьев ГIисаги кодов ккун, гьевги ваччун.** Гьей Марьям кодоб лъимергун ячIараб мехалъ, гьелъул агьлуялъе гьеб цIакъ квешаб жолъун бихьана **ва жидеца абуна: «Я Марьям! Мун цIакъ кIудияб амруги босун ячIанаха нижеда тIаде;** гьаб лъимер кин дуца гьабураб? Мун росасеги инчIей яс йикIана гуриш?»-абун.

**28. Я Гьарунил яц! Дур эмен квещав чи вукIинчIо. Дур эбелги жинца зина гьабулей йикIинчIо.**

**29. Цинги Марьям гьезие жаваб кьун кIалъачIо ва жинца ГIисадехун ишара гьабуна: «Гьав вас кIалъазаве» - абун. Доз абуна: «Нижеца кин кIалъазавулев гьанжего гьанже гьабураб, киниялда жаниб бугеб гьитIинаб лъимер» - абун.** гьаб калам гьабулеб мехалъ эбелалъул керен хахулев вукIарав ГIисаца гьеб керен хахи тана ва гьел гIадамазедехун вуссана.

**30. ГIисаца абуна: «Дун вуго Аллагьасул (عز وجل) лагъ. Аллагьасул хIукму-къадарги буго дихъе тIехь кьезе ва дун авараглъун гьавизеги.**

**3I. Аллагьас дун гьавун вуго дидаса гIадамазе лъикIлъи ва баракат щолевлъун киве дун вугониги ва киве дун рештIаниги. Дида Аллагьас амруги гьабун буго дица какги бай ва закатги кье абун, дун чIаго вугебгIан мехалъ.**

**32. Аллагьас дун гьавун вуго дир эбелалъе лъикIлъи гьабулевлъун. Дун гьавун гьечIо гIамал кIудияв зулмучилъун ва Аллагьасда (عز وجل) инкар кколев бахьикъослъунги.**


**33. Дида Аллагьасул салам буго ва гьесул цIоб-рахIматги буго дун гьавураб къоялъги, дун холеб къоялъги ва къиямасеб къоялъ чIаго гьавун тIаде вахъинавулеб къоялъги» - абун.** Гьаб буго ГIиса аварагас гьабураб калам жив гьитIинаб лъимерлъунги вукIун.

**34. Гьав чи вуго Марьямил вас ГIиса. Гьаб буго гьесул хIакъалъулъ абулеб битIараб ргIиги.** Насранияз абухъе алагь яги Аллагьасул вас гьечIо ГIиса. Ягьудияз абухъе зинадал лъимерги гьечIо. Зинадал лъимер авараглъун вукIунаро.

**35. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндие вас кколаро, гьев щибго жоялда хIажатав гьечIо. Аллагь вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго гьаб жагьилаб, ахIмакъаб къавмалъ бицунеб хабаралдаса. Жиндие цо иш бокьараб мехалъ Аллагьас "кун" абураб ргIи абула ва гьеб лахIзаталъ гьесие бокьараб жо лъугьуна.**

**36. Гьев ГIиса аварагас къаввмалда абураб ргIи буго: «ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго дир БетIергьан ва нужер БетIергьан. Нужеца гьев Аллагьасе гьабе гIибадат. Гьеб буго битIараб нух ва хIакъаб дин» - абун.** Гьев ГIисаца абичIо жив Аллагь вугин, жиндие гьабе гIибадат абун, жив Аллагьасул вас вугинги абичIо.

**37. Гьев ГIиса аварагасул диналда ругел гIадамал жалго хилиплъана гьесул хIакъалъулъ** ва жидеца гьесда гIунтIизабун гьереси бицана. **ЦIакъ квешаб гIазаб букIине буго гьезие къиямасеб къоялъулъ хIисаб мизан ва жаза гьабулеб мехалъ.**


الجزء السادس عشر سورة مريم
وَأَنذِرْهُمْ يَوْمَ الْحَسْرَةِ إِذْ قُضِيَ الْأَمْرُ وَهُمْ فِي غَفْلَةٍ وَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٣٩﴾
إِنَّا نَحْنُ نَرِثُ الْأَرْضَ وَمَنْ عَلَيْهَا وَإِلَيْنَا يُرْجَعُونَ ﴿٤٠﴾ وَاذْكُرْ
فِي الْكِتَابِ إِبْرَاهِيمَ إِنَّهُ كَانَ صِدِّيقًا نَّبِيًّا ﴿٤١﴾ إِذْ قَالَ لِأَبِيهِ يَا أَبَتِ
لِمَ تَعْبُدُ مَا لَا يَسْمَعُ وَلَا يُبْصِرُ وَلَا يُغْنِي عَنكَ شَيْئًا ﴿٤٢﴾ يَا أَبَتِ
إِنِّي قَدْ جَاءَنِي مِنَ الْعِلْمِ مَا لَمْ يَأْتِكَ فَاتَّبِعْنِي أَهْدِكَ صِرَاطًا
سَوِيًّا ﴿٤٣﴾ يَا أَبَتِ لَا تَعْبُدِ الشَّيْطَانَ إِنَّ الشَّيْطَانَ كَانَ لِلرَّحْمَٰنِ
عَصِيًّا ﴿٤٤﴾ يَا أَبَتِ إِنِّي أَخَافُ أَن يَمَسَّكَ عَذَابٌ مِّنَ الرَّحْمَٰنِ
فَتَكُونَ لِلشَّيْطَانِ وَلِيًّا ﴿٤٥﴾ قَالَ أَرَاغِبٌ أَنتَ عَنْ آلِهَتِي
يَا إِبْرَاهِيمُ لَئِن لَّمْ تَنتَهِ لَأَرْجُمَنَّكَ وَاهْجُرْنِي مَلِيًّا ﴿٤٦﴾ قَالَ
سَلَامٌ عَلَيْكَ سَأَسْتَغْفِرُ لَكَ رَبِّي إِنَّهُ كَانَ بِي حَفِيًّا ﴿٤٧﴾
وَأَعْتَزِلُكُمْ وَمَا تَدْعُونَ مِن دُونِ اللَّهِ وَأَدْعُو رَبِّي عَسَىٰ أَلَّا
أَكُونَ بِدُعَاءِ رَبِّي شَقِيًّا ﴿٤٨﴾ فَلَمَّا اعْتَزَلَهُمْ وَمَا يَعْبُدُونَ مِن
دُونِ اللَّهِ وَهَبْنَا لَهُ إِسْحَاقَ وَيَعْقُوبَ وَكُلًّا جَعَلْنَا نَبِيًّا ﴿٤٩﴾
وَوَهَبْنَا لَهُم مِّن رَّحْمَتِنَا وَجَعَلْنَا لَهُمْ لِسَانَ صِدْقٍ عَلِيًّا ﴿٥٠﴾
وَاذْكُرْ فِي الْكِتَابِ مُوسَىٰ إِنَّهُ كَانَ مُخْلَصًا وَكَانَ رَسُولًا نَّبِيًّا ﴿٥١﴾
٣٠٨

**38. ЦIакъ жо бихьулеллъун ва цIакъ жо ргIулеллъун рукIине руго гьел капурзаби ва мушрикал дида ццере рачIулеб къоялъ. Амма гьел гьаб дунялаллъул рукъор гIамал кIодолъиялда руго ва баянабго къосинада жанирги руго.** Тарихалъул гIалимзабаца абуна: Костантин абулев ханас насраниязул киналго гIалимзаби данде гьарун цIакъ кIудияб мажлис гIуцIана. Гьезда ццебе лъураб масъала букIана ГIиса аварагасул хIакъалъулъ цо гIаммаб ргIиялда рачIа абун. Амма гьел кутакаб хилиплъиялъ цоцаде хилиплъана ва гьезул ргIиги данде ккечIо. Гьел гIалимзабазул лъабнусиялда микьго чи рекъана цо ргIиялда ва ханас гьел тIаса рищана жиндир улкаялда жаниб хIукму гьабизе. Гьев Костантин философ вукIана ва гьес тIаса рищарал гIалимзабиги гьесул гIакълуялда рекъарал рукIана. Цогидал киналго гIалимзабиги нахъе къотIун, гьеб къокъаялда божилъи гьабун, гьаз гьабураб хIукму хIалтIизабизе къасд гьабуна Костантин ханас. Гьеб заманалъ цIакъ насраниязул къуватги цIикIкIана, гьел гIалимзабаз Инжилги жидеего бокьухъин хисизабуна, ракьалда тIадги жидее бокьараб хIукму хьвадизабуна. Шамалъул ва Румазул улкабазда гьеб мехалъ анцIила кIиазарго килиса (церковь) бана.

**39. Дуца гIадамазе хIинкъи кье МухIамад ﷺ, жал цIакъ хIасратлъулеб къоялъул амруялдалъун.** ХIасратлъи буго гучаб пашманлъи, гьеб къоги буго къиямасеб къо. **Ва амма купру-ширкалъул агьлу гьаб амруялдаса гьапуллъун руго ва жидеца къиямасеб къоялда иман лъоларелги руго.**

**40. ХIакълъунго дун вуго гьаб кинабго ракъ ва гьелда тIад бугеб кинабго жо ирсалъе босулев.** Гьаниб тIад бугеб кинабго халкъги хун буссуна гьеб ракь ва гьелда тIад бугебщинаб жо ТIадегIанав Аллагьасде. **Киналго гIадамазул ахирияб руссинги дида аскIоб буго.**

**4I. Дуца хирияб Къуръаналда жаниб Ибрагьим аврагасул хабар бице МухIаммад ﷺ. Гьев Ибрагьим (гIв) цIакъ ритIухъав вукIана жиндир кинабго гIамалалъулъ ва авараглъунги вукIана.**

**42. Ибрагьим аварагас жиндир инсуда абураб гIуж рехсе: «Я дир эмен! Дуца щай гIибадат гьабулеб жинда щибго жо бихьулареб, щибго жо ргIулареб ва дуе кинаб рахъалъан бугониги кумекги гьабулареб хъанчалъе.**

**43. Я дир эмен! Мун дида нахъвилълъа ва дица малъараб жо гьабе. Дихъе бачIун буго Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан духъе жиб бачIинчIеб гIелму:** цохIо Аллагьасе гIибадат гьаби буго гьеб. **Дица мун битIараб нухда тIовитIизе вуго ва хIакъаб диналде вачине вуго.**

**44. Я дир эмен! Дуца шайтIаналъе гIибадат гьабуге, гьеб шайтIан буго жиб Аллагьасда ( عز وجل) гIасилъараб.**

**45. Я дир эмен! Дуда Аллагьасул гIазаб щвела абун хIинкъулев вуго дун. Цинги мун вукIунаха шайтIаналъул гьудуллъун.**

**46.** Ибрагьимил эмен Азарица **абуна: мун дир алагьзаби къваригIинчIев, гьездаса вуссаравищ вугев, Ибрагьим? Дуца гьеб гIамал течIони, мун дир алагьзабада квешаб хабар бицуневги вугони, нижеца мун ганчIал речIун вачахъизе вуго ва мун дида аскIосан нахъе а абадиялъго тIад вуссунареб бакIалда» - абун.**

**47. Ибрагьимица абуна: дуе салам буго,** дидаса дуе щибго зарал гьечIо ва хъачIлъиги гьечIо. Мун дир эмен вугелъул дуе квеш букIунеб жо дица гьабиларо. **Дица дир БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) дур мунагьал чуре абун ва дуда гурхIа абун дугIаги гьабила. Гьев Аллагь дида цIакъ гурхIулев вуго ва дир амруялъул кIвар гьабулев, гьеб лъикI гьабулев вуго.**


**48. Дица нужги, нужеца жиндие лагълъи гьабизе хIакъав Аллагьги (عز وجل) тун жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги гьанир тела ва дун нужедаса рикIкIадаб бакIалде ина. Дица дир БетIергьанасе гIицIаб гIибадат гьабила, дица гьесда гьари ва хIелиги гьабила. Дун божарав вуго дир БетIергьан Аллагьас (عز وجل) дица гьабураб лъикIаб гIамал гIадада хвезабиларин абун ва дун бахьикъосаравлъунги гьавиларин абун».**

**49. Ибрагьим аварагас жиндир эменги, цогидаб агьлуги рикIкIад гьабун тараб мехалъ, гьез ТIадегIанав Аллагьги тун жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги тараб мехалъ, дица гьев Ибрагьимие ИсхIакъ абун вас кьуна. Хадув гьесул вас ЯгIкъубги кьуна. Гьев кIиявго дица авараглъунги гьавуна.**

**50. Дица гьел киназего: Ибрагьимие, ИсхIакъие ва ЯгIкъубие дир рахIматалдаса дунялалъул ва диналъул лъикIлъи кьуна.** Авараглъи кьуна, гIелму кьуна, лъикIаб насло кьуна ва хIалалаб ризкъиги кьуна. **Ва дица гьезие киналго умматазда жаниб ва диназда жаниб берцинаб рехсей гьабуна.** Къиямасеб къо бачIинегIан Ибрагьим аварагасда ва гьесул агьлуялда свалат битIи буго бищунго кIудияб ва берцинаб рехсей.

**5I. Дуца хирияб Къуръаналда жаниб Муса аварагасул къисса бице МухIаммад ﷺ. Муса (гIв) вукIана Аллагьас гIадамаздаса жиндихъе рисалат кьезе тIаса вищарав, жинца гьесдехун калам гьабурав. Гьединго Муса вукIана Аллагьас (عز وجل) умматалда расуллъун витIарав авараг.** Расуллъун витIанаян абиялъул магIна буго гьев цIияб дин босун витIун вукIин.

Расул абула Аллагьас жиндихъе хассаб шаригIатги кьун цо умматалда витIарав аварагасда. Гьесухъе тIехь кьун букIине бегьула, кьечIого бикIинеги бегьула. Авараг абула (наби) жинда хасаб шаригIат гьечIого жиндасан ццерехун рукIарал яги живгун цадахъ вугев расуласул шаригIаталда




уммат ахIулев чиясда. Аварагзаби нусиялда къоло ункъ азарго чи вукIанин абуна гIалимзабаз. Расулал лъабнусиялда анцIго, яги гьелдасан дагьал, яги гьелдасан гIемерал рукIанаян абуна.

**52. ТIур абулеб мегIералъул кваранаб рахъалда Муса авараг вугеб мехалъ дица гьесда калам гьабуна щивго гьоркьов чи гьечIого.** Малаик витIичIого дир калам гьесухъе щвезабизе. **Дица гьев Муса дида гIагар гьавуна дун жинда кIалъалев вукIадго.**

**53. Дица гьев Муса аварагасе живгун цадахъ вукIине ва гьесие квербакъизе Гьарунги гьавуна авараглъун.** Мусал вац вуго гьев Гьарун, Аллагьас ( عز وجل) гьесие квербакъиялъе авараглъун гьавурав.

**54. Дуца хирияб Къуръаналда жаниб ИсмагIил аварагасул къиссаги бице МухIаммад ﷺ. Гьев вукIана жинца гьабураб къотIиялъе цIакъ ритIухъав,** жинца кидаго Аллагьасе ва инсанасе гьабураб къотIи хвезабичIев**. Жив Аллагьас (عز وجل) расуллъун ва набилъун гьавуравги вукIана гьев ИсмагIил (гIв).** Гьаб рагIиялъ бихьизабулеб буго ИсмагIил авараг ИсхIакъ ва ЯгIкъуб аварагасдаса хирияв вукIин. Гьев ИсмагIил авараг хирияв вуго жиндир наслоялдаса МухIаммад ﷺ авараг вукIиналдалъунги.

**55. Жиндир агьлу хъизаналда Аллагьасе (عز وجل) тIагIат-гIибадат гьабе, Аллагьасе как бай, закат кье абун жинца амру гьабулевги вукIана гьев ИсмагIил ва жиндаса Аллагь разияв лагъги вукIана.**

**56. Дуца Идрис аварагги рехсе МухIаммад ﷺ, хирияб Къуръаналда жанив дур умматалъе вагIзалъун. Гьев Идрис (гIв) вукIана ритIухъав авараглъун.**

**57. Аллагьас гьев тIадегIанаб макъамалда вахинавуна.** Гьесул рехсей тIадегIан гьабуна, авараглъи кьун хира гьавуна.

**58. Гьал аварагзаби руго, ва гьаб сураталда жал рехсарал цогидал аварагзабиги руго Аллагьас жидее нигIмат кьурал гIадамал.** Авараглъи ва расуллъи кьун жал хира гьарурал, жидедалъун умматал Аллагь цо гьавулеб диналда тIоритIарал. **Адам (гIв) аварагасул зурияталъул руго гьел киналго. Идрис авараг вуго НухIида щвезегIан цевехун вукIарав. НухI авараггун цадахъ гамида рекIарал муъминзабазул зурияталъул вуго Ибрагьим авараг. Гьев Ибрагьимил зурияталдаса руго хадусел киналго аварагзаби.** ИсмагIил, ИсхIакъ, ЯгIкъуб ва гьезул наслоги. Исраилил зурияталдасаги руго аварагзаби. Гьев Исраил вуго ЯгIкъуб авараг, гьесул зурият буго Муса, ГIиса, Закарья, ЯхIя аварагги. **Дица жал тIоритIарал муъминзабиги ва авараглъиялъе жал тIаса ришарал рацIцIадал гIадамалги жидеда дир калам рагIараб мехалъ жал суждаялда унел руго.** Жидер гьумер ракьалда цузабун Аллагьасе (**عز وجل**) мутIигIлъи ва хIели загьир гьабулел руго, **Аллагьасдаса хIинкъун жал гIодулелги руго.** Гьаб аят цIалараб мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.


**59. Гьаб иман камилаб, Аллагьасдаса хIинкъи гучаб къавмалда хадур рачIана жидер бахьикъосараб къавм. Жидеца как гIадада хвезабурал, гьеб как баларел, гьаваялда, шагьваталда нахъ жалги рилълъарал. Гьезда дандчIвазе буго цIакъ кIудияб къварилъи ва чIорого хутIи.**

**60.** Гьадинаб къабихIаб хIалалда рукIун хадур, **жидеца тавбо гьабурал, камилаб хIалалъ иманги лъурал, жидеда тIад лъураб парзги, аварагасул суннатги тIубан хьвадарал гIадамазе букIуларо гьеб квешаб гIазаб. Гьел гIадамал алжаналда жанир лъугьуна ва гьезие щибго зулмуги гьабуларо.**

**6I. Гьел лъугьизе гьарула даимго жанир чIолеб алжаналда. Гьеб алжан буго балъгояб, жидеда бихьичIеб жоялда иман лъурал лагъзадерие кьезе Аллагьас къотIи гьабураб алжан. Гьев Аллагьасул къотIи жиб тIубалеб, жиндие хилиплъи букIунареб буго.**

**62. Гьеб алжаналда жаниб гIададасеб калам бицунаро, цоцазда рихунеб жоги ргIуларо. Жидеда ргIула цо-яз цоязе кьолеб салам.** Ва малаикзабаз гьел кIодо гьарун кьолеб саламги. **Гьезие гьеб алжаналда жаниб жидее бокьараб ризкъиги буго** гьезие бокьараб мехалъ аскIоб хIадурун чIчIун батулеб. **Радал гIужалъги буго гьеб ризкъи, къасси гIужалъги буго.**

**63. Гьаб алжан буго дидаса жал хIинкъулеллъун рукIарал гIадамазе жиб кьолеб.**




**64.** Жабраил малаикас абулеб буго: **Дун зобалаздаса гьаб дунялалда рештIунаро дур БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) амруялдалъун ва гьесул изнуялдалъун гурони! Гьев Аллагьасул мулк буго ва гьесул гIелму-лъаяда жаниб буго гьаб дунялалъулги, ахираталъулги кинабго амру. Гьев дур БутIергьан Аллагь (عز وجل) жинда жо кIочонев гьечIо.**

**65. Гьал зобал ракьазулги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб жоялъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь (عز وجل), дуца гIибадат гьав Аллагьасе гьабе!** Гьесдехун щибго жо гIахьал гьабуге. **Дуца саброги гьабе гьеб гIибадат гьабиялда тIад чIун. Нужеда цоги щивго чи лъалищ гьав Аллагьасда (عز وجل) релълъарав?** Гьесул гIадаб кьудрат бугев, гьесул гIадаб гьунар-гучги бугев.

**66. Инсанас абулеб буго: Дун хун хадув чIаго гьавун тIадейищ вахъинавулев абун.**

**67. Гьев инсанасда ракIалда щай щолареб дица жив вижараблъи ва жив щибго жолъунги вукIинчIеблъи.**

**68. Дур БетIергьанасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун, я МухIаммад ﷺ, дица гьел киналго тIаде рахъинаризе руго, дидехун ширк гьабизе гьел тIамурал, гьел къосинарурал шайтIабиги рахъинаризе руго. Цинги дица гьел киналго жужахIалда сверун ракIарун чIчIезаризе руго.**

**69. Цинги щибаб къукъаялдаса дица къватIив вахъинавила бищунго Аллагьасда (عز وجل) гIасилъарав.**

**70. Дида цIакъ лъикI лъала щив вугев жиндий гучаб гIазаб гьабизе мустахIикъав чи.**

**7I. Нужер цониги чи гьечIо гьеб жужахIалда вачунев гурони.** Кинавго чиясда жужахI бихьизе буго, гьел сиратIалъул кьодаса унеб мехалъ. Аллагьас (عز وجل) гьеб жужахIалдаса цIунарав чи сиратI бахун довехун уна ва жиндие гьеб жужахIалъ заралги гьабуларо. Жидер Аллагьасда гIасилъи кIудиял мушрикал ва мунапикъзаби гьеб жужахIалда жанире ккола.

Цо гIалимзабаца абуна: киналго жужахIалда жанир лъугьинарула, амма муъминзабазе гьеб цIорораблъун ва жинца зарал гьабуларелъун букIуна абун. **Гьаб жужахIалде киналго гIадамал рачине бугеб хIукмуги Аллагьас (عز وجل) тIубазабун бугеб, жиб хисуларе хIукму буго.**


**72. Цинги дица гьеб жужахIалдаса хвасар гьарила дунялалъул рукъор ругеб мехалъ гьеб жужахIалда ккеялдаса хIинкъун, Аллагь разилъи тIалаб гьабун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал гIадамал.** Гьеб жужахIалда жанирго лъугьинариларо гьел гIадамал. Яги гьенир жанир лъугьинарун, гьелъул зарал хъатIизе течIого къватIире рачина. **Ва дица гьеб жужахIалда жанир тела жидеца купру-ширкалдалъун, мунапикълъиялдалъун зулму гьабурал гIадамал. Жал гIодорегIанлъун, гьениса абадиялъго къватIир рахъунареллъун тела.** Жидеца Аллагь цо гьавун, аварагзаби ритIухъ гьарун рукIарал, амма жидеца кIудиял мунагьал гьарурал гIадамал гьеб жужахIалъул цIаялъ рухIун, жидее гIазаб гьабун хадуб Аллагьасул цIоб-рахIмоялдалъун гьенисан къватIире рахъинарула. Гьезие шапагIат гьабизе аварагзаби, шагьидзаби, гIалимзаби ва цогидал Аллагь (عز وجل) жидедаса разиял муъминзабиги реччала.

**73. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) аятал цIалараб мехалъ жидеца Аллагьасда инкар ккураб къавмалъ Аллагьасда иман лъурал гIадамазда абулеб буго: «Нужищ ругел жакъа жидер макъам лъикIал ва жидер жамагIатги годекIанги лъикIал яги нижищ ругел?»-абун.** Маккаялъул мушриказ гьадин абулеб букIана аварагасда нахърилълъарал муъминзабаз Къуръан цIалараб мехалъ ва гьелда данде къец гьабун гьеб мекъаб гьабизе кIвечIеб мехалъ. ГIемерисел муъминзаби мискинал, пакъирал рукIиндал, къурайшиязул мушрикал бечедал, жидер ханлъи бугел рукIиндал, гьелдаса чIухIун абуна Къурайшияз гьаб аяталъ бицараб рагIи.

**74.** ТIадегIанав Аллагьас гьезул рагIиялъе жаваб гьабун абулеб буго: **Дица цIакъ гIемер гьалаг гьаруна дир аятал гьереси гьарурал умматал. Гьел жидер ханлъи кIудиял ва бечелъи гIемерал рукIана.**

**75. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ: гьаб амруялъулъ къосараллъун ругел гIадамал Аллагьас (عز وجل) гьеб къосиналда тела жал хвезегIан. Жидее къотIи гьабураб жо гьезда тIаде бачIараб мехалъ: жидее дунялалдаго гIазаб гьабизеги бегьила Аллагьас, яги гьел ахираталда гIазаб гьабизе нахърахъун тезеги бегьила.** Гьеб Аллагьасул гIазаб гьабизе бугеб къотIи хIакълъараб мехалъ **гьезда лъазе буго щив вугев жиндир къадро- къимат гьечIев ва боялги дагьав.** Муъминзабийищ ругел яги капурзабийищ ругел.

**76. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жал хIакъаб диналда тIоритIун ккарал, жидеца авараг ритIухъ гьавурал муъминзабазул иман ва тIоритIел жегиги цIикIкIинабула. Ахираталда Аллагьасда цере чIчIезарураб мехалъ батулеб лъикIаб гIамал:** гьесда иман лъун, гьесие гIибадат бацIад гьаби**,- гьаб буго дур БетIергьан Аллагьасда аскIоб хIакъикъаталдаги лъикIаб** иш ва гьелълъул букIине буго лъикIаб ажро ва жаза. **Гьеб ахираталъул лъикIлъи ва гьениб бугеб алжаналъул нигIматал руго лъикIаб жо ва лъикIаб руссунеб бакI.**




**77. Дуца гIажаиблъи гьабуларищ МухIаммад ﷺ, Аллагьасул Къурьанги гьесул аварагги жинца гьереси гьавулев капурчиясул хабаралъул. Гьес абулеб буго Аллагьас жиндие ахираталдаги боцIи-малги, лъимал-хъизанги кьезе бугин абун.**

**78.** Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: **Гьав чи балъгояб жо лъаялда щун гьенив ваккунищ вугев, яги гьас Аллагьасулгун къотIийищ гьабун бугеб жиндие хун хадубги магIишат кьезе?**

**79. Гьедин гьечIо амру. Гьев вуго гьереси бицулев ва жинца Аллагьги аваарагги махсараоде гьавулаян вугев чи. Гьас абулеб жо малаикзабаца хъван букIине буго ва гьесие ахираталда гьабулеб гIазаб гуч гьабизе буго, ва халат гьабизе буго, гьес бицараб къабихIаб ва купруялъулъ гIорхъолъан араб рагIиялда данде.**

**80. Гьав жиндалъун чIухIун вугеб, жиндие ахираталдаги букIине бугоян гьес абулеб магIишат гьевги хвезавун дица нахъе босила ва гьев дида ццеве вачIине вуго живго цохIого.**

**8I. Аллагьасда инкар ккурал гIадамаз алагьзабилъун хъанчал гьарун руго; гьезие гIибадат гьабун жидее кIодолъи ва хиралъи щвезе бугин абун,** гьез жидее кумек ва квербакъи гьабизе бугин абунги.

**82. Гьедин гьечIо амру:** гьабуларо гьел алагьзабилъун ккурал хъанчаз ва гIадамаз жидее кумек. **Ахираталда гьез инкар кквезе буго гьел мушрикаца жидее гIибадат гьабичIин абун ва гьел алагьзаби гьезие тушбабилъун рукIине руго.**

**83. Дуда лъаларищ МухIаммад ﷺ, дица гьел мушриказда тIаде шайтIаби тIамун рукIунеблъи жидеца гьел квешлъаби гьариялда ахIулел ва гьесизарулел?**

**84. Дуца гьел мушриказе гIазаб хех гьаби тIалаб гьабуге МухIаммад ﷺ. гьел ахираталда жиндир гIазаб гучаб жужахIалда руссинаризе руго.**

**85. Аллагьасда иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун рукIарал муъминзаби гурхIел кIудияв Аллагьасде (عز وجل) руссине гьарулеб къо буго гьеб къиямасеб къо: жидер къокъаби гьарун ва жал хира гьарун.**

**86. Жидеца гIасилъаби ва пасалъаби гьарурал гIадамал жужахIалда къотIулеб къоги буго гьеб.** Данде бакIарун боцIи къотIулеб гIадин: гIедегIизе гьарун, цIалаца чIвархулаго.

**87. Жидеца шапагIат гьабуларо, гьединго жидееги шапагIат гьабуларо. Гьеб шапагIат гьабиялъе изну букIунел гIадамал руго жидеца дунялалда Аллагьасулгун къотIи гьабун рукIарал гIадамал. Гьел руго жидеца камилаб иман лъун Аллагьасе гIибадат бацIцIад гьабун ва аварагасул нух ккун хьвадарал гIадамал.**

**88. Мушрикаца абуна гурхIел кIудияв Аллагьас жиндие лъимал ккуна абун.** Малаикзаби гьесул ясал ругин, ГIиса ва ГIузайр гьесул васал ругин абун.

**89. 90.** Жиндир гурхIел бергьарав Аллагьасе (عز وجل) лъимал руго абун нужеца абураб мехалъ, цIакъ **къабихIаб рагIи абуна нужеца: жиндир къабихIлъиялъ зобал рихъизе ва ракьал хъвалхьун ине гIагар гьарулел руго, риххун гIодор ккезе мугIрулги гIагарлъун руго,**

**9I. 92. гьев жив гурхIулев ва жив ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) лъимал руго абураб рагIи абураб мехалъ. Жиндир гурхIел бергьарав Аллагьасе (عز وجل) лъимал-хъизан букIине рекъараб гьечIо, яги гьелда жив хIажатаб хIал гьечIо.**

**93. Зобал ракьазда жаниб бугеб кинабго махлукъат жиндир гурхIел цIакъав Аллагьасул (** عز وجل**) лагъзал руго.** Гьес рижарал, гьес хьихьулел ва гьесул тадбиралда гъокь ругел руго. Лагълъун вугев чи лъимерлъун вукIин гIакълуялъго къабул гьабулареб жо буго.


**94. Гьеб кинабго махлукъат Аллагьасда (عز وجل) жидер къадарги, рикIкIенги лъалеб буго.** Гьесдаса цохIо зарра гIадаб жоги балъго хутIуларо ва гьесда лъачIого щибго жо лъугьуларо.

**95. Къиямасеб къоялъ Аллагьасда ццере кинабго халкъ бачIине буго щивав инсан живго цохIо вугеб хIалалъ.** Жиндирго напсалъул ургъалида, живгун цадахъ боцIи-малги лъимал-хъизанги, кумек чагIиги гьечIого.

**96. Дунялалда ругеб мехалъ Аллагьасда (عز وجل) иманги лъун, гьесул расуласда ﷺ нахъги рилълъун хьвадарал муъминзабазе жиндир гурхIел цIакъав Аллагьас (عز وجل) цоцазда гьоркьоб рокьахинлъи ва махIабат гьабизе буго. Ва гьел Аллагьасеги рокьизе руго.**

**97. Дица гьаб Къуръан гьабуна, МухIаммад ﷺ, дуда лъалеб гIараб мацIалда, дуе жиб цIализе бигьаяб букIине ва дуца гьелдалъун Аллагьасукьа хIинкъарал гIадамазе роххел бицине, дудехун инкар ккурал, жидер хIал хъубал ва дагIба-къец гучал инкарчагIазе гIазабалъул хIинкъиги кьезе.**

**98. Дица цIакъ гIемер гьалаг гьаруна умматал ва къавмал дида иман лъезе чIухIарал, дир русулал гьереси гьарурал, жидеца ракьалда тIад пасалъаби гьарурал. Гьезул цониги чи нахъе хутIун вихьулев вугищ дуда я гьав инсан! Яги дуда гьезул сас-махIгIаги рагIулеб бугищ?**




**Сурату ТIа-гьа**

Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб нусиялда лъебералда щуго аят бугеб.

**I. ТIа. Гьа! ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарпалдалъун жиндир щиб мурад бугеб.** «Я МухIаммад» - абураб магIнаги гьабуна гьеб кIиго хIарпалъул, гьаб хадуб бугеб аяталъул магIна ва тапсир хал гьабураб мехалъ.

**2. Дуда гьаб Къуръан рештIинабичIо, МухIаммад ﷺ мун къосизавизелъун ва дуца дурго напсалъе къварилъи гьабизелъунги.** Гьаб Къуръан дица рештIинабун буго дуеги, тIолго умматалъеги рахIматлъун ва бахьибуголъилъун букIине.

**3. Дица гьаб Къуръан рештIизабун гьечIо Аллагьасда (عز وجل) иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъулел муьинзабазе вагIзалъун гурони.**

**4. Къуръан рештIинабун буго жинца ракьалги, тIадегIанал зобалги рижарав Аллагьас.**

**5. жиндир гурхIел цIоб гIемерав БетIергьан Аллагь (عز وجل) гIаршалда тIадегIанлъун вуго.** Жиндир заталда рекъараб тIадегIанлъи буго гьеб: жинца бакI ккун гьечIого, жиндир тIадегIанлъи нилъералда релъълъинаб гьечIого.

**6. Гьев БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) мулк ва милк буго зобалазда бугебги, ракьалда тIад бугебги, зоб - ракьалда гьоркьоб бугебги ва ракьазда гьоркь бугебги жо.**


**7. Дуца дур рагIи загьир гьабун абуниги МухIаммад ﷺ, балъго дурго напсалъе рагIун абуниги,- гьеб кинабго жо БетIергьан Аллагьасда лъала. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинда балъгояб жо лъалев ва рекIел хиялалги лъалев.**

**8. Жив цогояв, цоги гьечIев Аллагь (عز وجل) вуго гьев жиндие гIибадат гьабизе тIадав БетIергьан. Жидер магIна гъваридал, берцинал цIарал ва сипаталги ругоТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل).** Щибаб хIалалъ ва щибаб бакIалъулъ гьев Аллагьасул сифатал загьирлъула гьеб хIалалда ва бакIалда рекъараб куцалда.

**9. Духъе Муса (гIв) аварагасул хабар ва гьесул къиса бачIана гуриш МухIаммад ﷺ!**

**I0. Гьев Муса (гIв) аварагасда цо цIа бихьараб гIужалъ ва гьес жиндир агьлуялдаги абураб мехалъ: «Нуж гьаб бакIалда чIа. Дида доба рикIкIад цо цIа бихьулеб буго. Дун нужехъе гьенисан цIадул сунтур босун вачIина, яги гьеб цIа бугеб бакIалда нилъ унеб нух бицунев чи ватун гьесда нух малъълъизабун вачIина» - абун.**

**II. Муса (гIв) авараг жинда канлъи бихьулеб бакIалда гIагарлъараб мехалъ, гьесда цо гьаракьалъ ахIана: Я Муса!**




**I2. Дун вуго дур БетIергьан Аллагь (عز وجل):** дуде калам гьабулев ва мун гьаб бакIалда вачарав**. Дуца дур кIиябго хьит бахъе. Мун вуго жиб бацIцIадаб «ТIува» абулеб ракьалда тIад.** ГIалимзаби хилиплъана Мусада (гIв) хьитал рахъеян амру щай гьабураб абун. Цо гIалимзабаз абуна гьел хьитал дабагъ гьабичIеб хIамил тIомалъул рукIанин, жал хъубал рукIун тIаса рахъун рикIкIад гьаре абун амру гьабунин. Цогидал гIалимзабаца абуна гьеб бацIцIадаб ракьалда тIад хIатIал гIицIо лъугьа абураб магIна бугин, гIицIцIал хIатIаца гьеб ракь мерхьи мурадалда.

**I3. Дица мун тIаса вищана Муса** гьаб дур заманаялъул кинабго халкъалдаса дица дуда калам гьабизе ва мун расуллъун гьавизе**. Гьанже мун гIенекке дица вахIю гьабулеб жоялда.**

**I4. ХIакълъунго, дун вуго цогояв, цоги дида релъълъарав гьечIев Аллагь (عز وجل). Дуца гIибадат цохIо дие гьабе ва дун разилъи тIалаб гьабун какалги рай. Гьеб как балеб мехалъ дуда дун ракIалда щвезе.**

**I5. Къиямасеб къо бачIин жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб амру буго, дица гьеб бачIунеб заман балъго гьабун букIуна. Гьеб къиямасеб къоялъ щибаб напсалъе жазаги гьабула.**

**I6. Мун гьеб къиямасеб къоялъул амруялдаса вуссинавуге Муса (гIв), Аллагьасда иман лъечIев чиясул хабаралъ. Жиндир гьава-напсалда нахъвилъларав ва дунялалъул лазатаздаса кеп босулевлъун вугев. Гьесул хабаралда божун хьвадани дуе ахират кIочезе буго ва гьелдалъун мун гьалагIлъизе вуго.**

**I7. Гьеб дур кваранаб квералъухъ бугеб жо щиб, я Муса (гIв)!** Гьеб жо гIанса гьечIищ?

**I8. Мусаца абуна: Гьаб буго дир гIанса. Дун гьелда тIаде ваччула нухда унеб мехалъ. Дица гьеб гIанса кьабун гъутIбуздаса тIамах гьаршизабула гIиязе кваназе. Дица гьаб гIансаялдалъун цогиги хIажалъаби тIорала.** Нухдаса хъарахъ-заз нахъе реххула, данде бачIунеб гьвеялда хьвагIула, борохь кьинчIалда кьабула.

**I9. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: дуца гьеб гIанса гIодобе рехе я Муса! - абун.**

**20. Мусаца (гIв) гIанса гIодобе рехана ва гьеб ракьалда хьвадулеб борохьлъун лъугьана.** КIудияб, жиндир хьвади хехаб борохь лъугьана.

**2I. Аллагьас абуна: «Дуца гьеб борохь ккве, Муса (гIв) ва мун гьелдаса хIинкъуге. Дица гьеб цебе букIараб хIалалъ гIансалъун сверизабизе буго» - абун.** Мусаца борохьалда квер хъвараб мехалъ гьелъул цебе букIараб гIанса лъугьана.

**22. Дуца дур квер къвалакье лъе, цинги гьеб къватIибе бахъе жиб гвангъараблъун, щибго унти къварилъиги гьечIого. Гьеб буго дуе цоги гIаламат ва мугIжизат.**

**23. Гьел мугIжизатал дица дуе гьарулел руго Муса (гIв), дуда дир хIалкIолъи лъазе ва дир гIажаибал жалаздаса дагьабго жо дуе загьир гьабизе.**

**24. Мун а пиргIавнихъе дир расуллъун.** Гьев Аллагь (عز وجل) цо гьавиялда ахIизе, гьесда жиндир гIасилъи ва гIадамазе гьабулеб зулму тезабизе**. Гьев цIакъ къосун вуго.** Гьесул зулмуги гIемерлъун буго, гIамал кIодолъи ва чIухIи гIорхъолъан ун буго, хIатта «жив алагь вугин» абураб рагIи абизе хIинкъулев гьечIо гьев малгIун.


**25. Мусаца (гIв) абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца дир керен иманалъул цIезабун гIатIид гьабе.**

**26. 27. 28. Дуца дир амруги бигьа гьабе. Дуца дир мацIалда бугеб гарацIги биче. Гьел гIадамазда дица бицунеб рагIи бичIчIизе ва гьез дир вагIза босине.**

**29. 30. 3I. Дуца дие вазир ва кумекчи гьаве Аллагь (عز وجل), дирго агьлуялдаса. Гьарун гьаве дие вазирлъун, дир вацлъун жив вугев. Гьесдалъун дуца дир къуватги цIикIинабе.**

**32. 33. 34. Дуца гьев Гьарун дир амруялъулъ гIахьалги гьаве.** Гьесиеги аварагалъи кьун, дунгун цалахъ чIун дур рисалат тIобитIулевлъун гьаве. **Нижеца дуе тасбихI гIемер гьабизе. Мун рехсей,** дуе рецц гьаби, дуда дугIа гьабун, дуе хIели **гIемер гьабизе.**

**35. ХIакълъунго, мун нижер хIал лъалев,** нижер калам рагIулев, пишаби рихьулев вуго. Мусаца (гIв) Аллагьасда (عز وجل) гьарана жиндие кумекалъе жиндир вац Гьарун вазирлъун гьавеян ва живгун цадахъ авараглъунги гьавеян. Гьарун (гIв) гьесдаса кIудияв вукIана, жиндир мацI пасихIавги вукIана. Гьесул гIакъло ва рекIел чIей камилаб букIана. ПиргIавнил къосинги, гIамалкIодолъиги Мусада (гIв) лъалеб букIиндалго гьесие бокьана жиндир ургъел бикьулев ва жинца мугъ чIвай гьабулев чи вукIине живгун цадахъ. Гьевги жиндирго вац Гьарун (гIв) вукIине бокьана.




**36. 37. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Дица дуе дуца гьарараб жо кьуна я Муса! Дица дуда цIобрахIму гьабуна цогиги нухалъ.** Щиб гьеб абуни:

**38. Дур эебелалда дица вахIю гьабураб гIужалъ гьелда вахIю гьабураб жо.**

**39. Дица гьелда вахIю гьабуна: «Дуца гьеб гьитIинаб лъимер лъе цо гъамасалда жаниб, цинги гьеб гъамасги Нил гIурулъе рехе. Гьеб гIоралъ гъамас рехизе буго жиндир рагIалда бугеб ракъдаллъиялде ва гьеб гъамас кодобе босизе буго гьеб лъимералъулги дирги тушманлъун вугев чияс»-абун. Дица гIадамазул ракIазулъ мун вокьиги рехана. Мун гьев пиргIавница хьихьизе ва дида вихьун, дир цIуниялда гъоркь мун кIудиявги гIезе гIоло..**

**40. ПиргIавнил агьлуялъ мун кодов восараб мехалъ ва жидер рукъов хьихьизе вачараб мехалъ**

**мун цIехезе дуда хадуй дур яц яхъараб мехалъги гьабуна, Муса (гIв) дица дуда гурхIел. Гьей яцалъ пиргIавнил агьлуялда абуна: «Дица тIоритIилищ нуж гьев вас хьихьизе ва хахизавизе мустахIикъай гIаданалда» - абун. «Цинги дица мун дурго эбелалъухъе вуссинавуна гьелъул ракI бохизе, берги гIорцIизе ва гьей пашманлъичIого йикIине. Цинги мун кIудияв гIураб мехалъ дуца пиргIавнил къавм КъибтIиязул цо чи чIвана, ва гьеб къварилъиялдасаги дица мун хвасар гьавуна. ПиргIавнил къавмалъухъ щвезе течIого Мадяналда тIовитIана. Ва цогиги гIемерал хIалбихьиял гьаруна дица дур, мун аварагIъун гьавизегIан церехун. ГIезегIанго соназ Мадяналдаги вукIана мун ШугIайб (гIв) аварагасда аскIов. Гьелдаса хадув мун вачIана, Муса (гIв) гьаб ТIурсайнаалда, дица мун расуллъун гьавизе хIукму къадар гьабураб бакIалде.**

**4I. 42-43. Ва дица мун тIаса вищана дир расуллъун вукIине. Мунги дур вац Гьарунги а пиргIавнихъе дир мугIжизаталги росун. Гьев пиргIавн цIакъго къосун вуго ва гIамал кIодолъун вуго. Ва нуж свакаге дун ракIалде чIезавиялдаса ва дун рехсеялдаса.**


**44. Нужеца гьесда берцинаб, тамахаб мацI бицун дагIват гьабе, гьев Аллагьасда (عز وجل) иман лъеялда, гьесда мутIигIлъиялда ахIе. Гьедин тамахаб хабар бицани, гьев Аллагьасдаса хIинкъизе бегьула яги жинца вагIза босизе бегьула.**

**45. Мусаца ва Гьаруница абуна: Я нижер БетIаргьан Аллагь (عز وجل)! Ниж хIинкъулел руго гьев нижеда гIенеккичIого, нижее гIакьуба-гIазаб хех гьабизе лъугьилин абун, ва нижее гьес квешаб, гIорхъалъа араб зулму гьабизе гурин абун.**

**46. ТIадегIанав Аллагьас абуна: Нуж хIинкъуге! Нужеца дир амру тIубазабе! Дун вуго нужгун цадахъ: нуж цIунулев, нужеца гьабулеб жо бихьулев, бицулеб рагIиги рагIулев.**

**47. Нуж кIиявго гьесухъ а, ва гьесда абе: «Ниж руго дур БетIергьанасул расулал. Дуца гьал бануисраилал нижгун цадахъ гьаб Мисриялъул ракьалдаса нахъе риччай ва дуца гьезие гIазаб гьабуге. Дуца гьел захIматал ва квешал хIалтIаби гьаризе тIамуге. Ниж духъе рачIун руго дур БетIергьанасул мугIжизаталги росун. Аллагьасул салам буго, гьесул цIоб рахIмат ва гьесул гIазабалдаса хвасарлъи буго жидехъе хIакъаб дин босун, гьеб диналда ахIулев чи вачIараб мехалъ жидеца гьеб ахIи къабул гьабурал гIадамазе.**

**48. Аллагьас (عز وجل) нижеда вахIю гьабун лъазабун буго жинца дунялалдаги ахираталдаги гIазаб гьабизе бугин жиндир расулал гьереси гьарурав, жинда иман лъезе чIухIун, мугъ бан вуссун чIарав чиясе абун. 49. ПиргIаница абуна: «Щивха вугев гьев нужер БетIергьан, я Муса (гIв)»-абун.**




**50. Мусаца абуна: «Гьев вуго нилъер БетIергьан Аллагь (عز وجل), жинца кинабниги жо бижарав ва гьелъие щибалда рекъараб чIаголъи кьолев. Гьеб махлукъ тIобитIарав жидер дунялалъул маслахIатазда» - абун.**

**5I. Цинги пиргIаница абуна: «цересел умматазул щибха ккараб? Гьезул хIал щиб бугеб ва гьел кире ругел»-абун.** ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) махлукъалъулъ пикру гьабурав чиясда лъала цохIо гьаб аяталда жаниб тIоритIел букIин ва хIужа-далилги букIин гьаб махлукъ бижарав Халикъ цIакъ хIакимияв, жиндир гьунар-къуват ва гIелму-гIакълу камилав, жинца гьабулеб жоялъул тадбир мухIканав вукIиналда.

**52. Мусаца (гIв) абуна: Гьел умматаз гьабураб гIамалги, гьезие гьабизе бугеб жазаги дир БетIергьан Аллагьасда аскIоб бугеб тIехьалда** (ЛавхIул махIпузалда) **хъван буго ва Аллагьасе (عز وجل) щибго жо кIочоларо ва гьесул хIукмуялдаса щибго жо борчIуларо.**

**53. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго жинца нужее гьаб ракь, гьитIинаб лъимералъе кини гIадин, рекьезабурав.** Нужее рахIатаб хIалалъ гьелда тIад хьвадизе ва яшав гьабизе. **Гьеб ракьалда тIад нужее нухалги гьарурав.** сапаралда ине, даран базар гьабун

нужер магIишат лъикI гьабизе. **Нужее зодиса цIадги базабулев. Цинги гьеб цIадалдалъун жинца нужее батIибитIиял хурдул рижизарулев.**

**54. Нужеца гьеб ризкъиги кванай, нужер боцIиги гьеб алахалда бачун хьихье.** Гьаб кинабго дир махлукъаталъул пикруги гьабе. **Жидер гIакъло бугел, жидеца пикру гьабулел гIадамазе гIемерал далилал руго гьеб махлукъаталъулъ.** Гьелъул Халикъ вукIиналда жидеца тIоритIел гьабулел.

**55. Дица нуж гьаб ракьалдаса рижана.** Нужер кIудияв эмен Адам (гIв) гьеб ракьалдаса вижун. **Дица нуж гьеб ракьулъе руссинаризеги руго.** Нуж хвезарун, ракьулъе лъун, нуж ракьлъун лъугьизе руго, гьан ва рукьби турун. **Цинги дица нуж гьеб ракьул чохьониса тIаде рахъинарун дида цере чIезаризе руго.**

**56. Дица гьев пиргIанида дир киналго гIаламатал ва далилал рихьизаруна.** Муса (гIв) аварагасе кьурал мугIжизаталги рихьизе гьаруна. **Цинги гьес дир аятал гьереси гьаруна,** гьеб жо сихIро бугин абуна ва дида иман лъезе, дие мутIигIлъизе мукIурлъичIо**. Жиндирго къосиялъулъ ва чIухIиялъулъ чIана.**


**57. ПиргIавница абуна: «Мун нижехъе вачIунищ вугев, я Муса; гьеб дур сихIруялъ ниж гьаб ракьалдаса къватIире гъезеян».**

**58. БичасхIаги, гьеб дуца гьабураб гIадаб сихIру нижецаги гьабула. Дуца нижее къотIи гьабе мунги нижги сихIру гьабизе данделъизе ва нилъеца гьеб къотIиги хвезабичIого букIине. Гьеб данделъиялъе мухIканаб заманги ва бакIги чIезабе» - абун.**

**59. Муса аварагас абуна: «Нужее къотIи гьабулеб буго гIид къоялъ нилъ данделъизе ва гьеб къоялъул бакъ баккун хадуб халкъ данде бакIарун гьезда цере нилъги къецандизе» -абун.**

**60. Цинги пиргIавн Мусадаса ватIалъана ва жиндирго сихIрочагIи данде гьарун гьелги рачун вачIана жиндилъ данделъизе къотIи гьабураб къоялъ.**

**6I. Гьезда** сихIручагIазда ва пиргIавнида **Мусаца абуна: «Нужее кIудияб къварилъи буго! Нужеца гIадамал гуккун сихIруги гьабун, гьезда гьечIеб жо бугеблъун бихьизабуге. Гьеб буго Аллагьас (عز وجل) бижичIеб жо бижанаян аби. Гьедин хьвадани нужеда Аллагьасул гучаб гIазаб щвела. Аллагьасде (عز وجل) гIунтIизабун гьереси бицарав, Аллагьасда данде вахъарав чи цIакъ чIового хутIарав ва гIадада хварав чи вуго» - абун.** Аллагьасул салам лъеяв Муса аварагас гьеб мажлисги ва гьеб лахIзатги Аллагьасул (عز وجل) рисалат тIобитIулеб мажлислъун гьабуна ва гьел сихIру чагIазе берцинаб вагIза- насихIат гьабуна.




**62. Цинги гьел сихIручагIи цоцадехун бахIс гьабун кIалъана ва балъго, шуршудун цо жо бицине лъугьана.** **62. Цинги гьел сихIручагIи цоцадехун бахIс гьабун кIалъана ва балъго, шуршудун цо жо бицине лъугьана.** Гьезул цояз абуна: «Валлагьи, гьав чияс бицунеб жо сихIручияс бицунелда релъарабго гьечIо. Гьав чи унгого авараг ватизе вуго ва нилъ гьес халкъалда къватIир чIвазарун инжит гьаризе ругин абун. Ва амма сихIручагIазул гIемерисел гьезда рекъечIо.

**63. Гьез абуна: «Гьав кIиявго авараг гьечIо. Гьал руго сихIручагIи. Гьезие бокьун буго жидер сихIруядалъун жидеда хадуб халкъ бачине ва пиргIавнги гьесул къавмги гьаб ракьалдаса къватIир гъезе. СихIручагIазул сихIру батIул гьабун, гьезие щолеб магIишатги гьукъизе» - абун.**

**64. Нуж киналго цадахъ рахъа ва киназго цадахъ сихIруги гьабе.** ГIунсби ва рухьби гIодоре рехе. Цинги Муса хIинкъизе вуго ва гьесул сихIруги хвезе буго. **Жакъа гьаб майданалда бергьарав чи кIудияб лъикIлъиялда квершел батарав вукIине вуго» - абун.**

**65. СихIручагIаз абуна: «Я Муса! Дуцайиш бай бихьулеб сихIру гьабизе дур гIансаги гIодебе рехун, яги нижищ рукIинел гьеб сихIру гьабизе бай бихьулеллъун» - абун.**

**66. Мусаца абуна: Нужеца байбихье ва нужерго сихIру гьабе абун. СихIручагIаз жидехъ рукIарал гIунсби ва рухьби цадахъ гIодоре рехана ва гьезул гIемерал борхьал лъугьун, гьел чехьалда хъурщун ракьалда хьвадулел руго абун ракIалда ккезабуна гьез гьабураб сихIруялъ.** Гьеб майдан цIун, цоял цоязда тIаде рахун гьаналда бараб хIапараялда релълъун лъугьана гьел жидер гIемерлъиялъ.

**67. Гьеб иш бихьараб мехалъ Мусада лъана жиндир рекIелъе хIинкъиялъул асар лъугьараблъи.** Гьесул хIинкъи букIана гьел сихIручагIазда божун кинабго халкъ купруялда ккезе гурин абун.


**68. Дица Мусада абуна: «Мун хIинкъуге, мун вуго жакъа бергьарав ва тIадегIанав»-абун .**

**69. Дуца гIодобе рехе Муса, дур кваранаб квералъухъ бугеб гIанса, гьелъ кIалдире рачун къулчIизе руго гьез сихIру гьабурал гIунсбиги рухьбиги. Гьез гьабураб жо буго сихIру, гIадамазул бер гуккулеб. СихIручиясул лъикIлъиялда квершел батизе гьечIо киве жив вугониги ва щибжо жинца гьабуниги.**

**70. Цинги гьел киналго сихIрочагIи Аллагьасе (عز وجل) сужда гьабун гьумер гIодоб цуйзабун чIана ва гьез абуна: «Нижеца иман лъуна Мусалги Гьарунилги БетIергьанасда абун.**

**7I. ПиргIавница абуна: «Нужеца гьев Мусада иманищ лъолеб дица нужее изнуги кьечIого ва дидаги гьикъичIого? Гьев Муса вукIун вугоха нужеда сихIру малъарав, нужер бищунго кIудияв мугIалим.** Гьевги нужги ургъун рукIун руго дунги дир къавмги гьаб ракьалдаса къватIир къотIизе. **БичасхIаги, дица нужер квералги, хIатIалги къотIила цояб квегIаб цояб кваранаб ва, бичасхIаги, дица нуж чамастакил гъутIбузда дализарила.** Гьединаб гIазаб гьабила дица нужее. Ва квешаб хIалалъ хвезеги гьарила дица нуж. **Цинги нужеда лъазе буго дунищ вугев гIазаб гьабиялъул рахъалъан гучав ва гIазаб халат гьабулев, яги гьев Мусал БетIергьанищ вугев» - абун.**

**72. СихIручагIаз абуна: нижехъе хIакъаб жо бачIун хадуб нижеца мун тIаса вишиларо ва дудаса ниж хIинкъиларо. Нижеда якъинго лъана нижер БетIергьан Аллагьасул хIалкIолъи ва гьесул къудрат. Ниж гьедула ниж рижарав Аллагьасдалъун, гьаб иманалдаса руссинаро абун. Дуца дуего бокьараб хIукму гьабе. Гьеб дуца гьабураб хIукму гьаб дунялалъул чIаголъиялда гурони жиб хьвадулареб буго.** Дуда кIола ниж чIвазе, амма ахираталда нижее хIукму гьабизе бугев цохIо Аллагь (عز وجل) вуго.




**73. Нижеца иман лъуна ва ниж мутIигIлъана нижер БетIергьан Аллагьасе (عز وجل). Нижеца тавбо гьабуна гьев Аллагьас нижер мунагьал чуризе ва дуца ниж гьабизе тIамураб сихIруялъулги мунагь чуризе. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинда божизе ва хьул лъезе лъикIав. Гьев Аллагь вуго жиндие хвел гьечIев, даимго нахъе хутIулев.** Гьесул гIазабалдаса хIинкъила ниж. Дур гIазаб буго гьаб дунялалда гьабулеб гIазаб, гьеб нахъе хутIулеб гьечIо.

**74. ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) цеве купру-ширк гьабун, гьелдаса тавбо гьабичIого вачIарав чиясе жужахIалъул гIазаб букIине буго. Гьенив жанив жив хун хIалхьиги букIунаро, жиндаса гIазаб борхараб чIаголъиги букIинаро.**

**75. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун Аллагьасда (عز وجل) данде чIвай гьабурал гIадамазе Аллагьасда аскIоб тIадегIанаб макъамал** ва нигIматазул алжанал **руго.**

**76. Даимго жанир чIолел алжанал руго гьел гIадамазе: жидеда жаниса нигIматазул гIоралги хьвадулел. Гьаб буго купру-ширкалъул чороклъиялдаса жив вацIцIалъарав чиясе бугеб**

**жазаъ.** Жинца цохIо Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабурав, гьесул расулал ритIухъ гьарун, гьезда нахъвилълъун хьвадарав.

Жидее квешаб гIазаб гьабизе къотIи гьабурав, гьеб къоялда щвезегIан жидер ханлъун вукIарав ва жидеца гьес малъараб жо гьабун сихIруги гьабулел рукIарал гIадамал, цохIо лахIзаталда жанир гьеб кинабго жо кIочIон тун, щибго пиргIавнил кIвар гьабичIого, гьесул хIинкъи кьеялдаса нахъ къачIого, жегиги гьесие вагIза гьабун кIалъалеллъун лъугьана. Гьаб буго рекIелъе иманалъул нур лъугьураб заман. Гьеб буго гIадамазда нахърилълъун яги эбел- инсул малъиялда гIенеккун, гьез гьабулеб батараб жо гьабун гьечIого, унгого жидеда лъан, жидер ракI чIун Аллагь (عز وجل) цо гьавураб заман.

**77. Дица Муса (гIв) аварагасда вахIю гьабуна: «Мун дир лагъзал бануисраилалги рачун сардилъ къватIив вахъун ралъад бугеб рахъалдехун а. Гьеб ралъдаде аскIов щвараб мехалъ дур гIанса кьабун ралъад бикьизабун гьенисан нуж церехун ине бакъвараб нухги гьабе. Мун хIинкъуге гьеб ралъдалъ нуж гъанкъилин абун ва нужеда нахъ регIун пиргIавница нужее гIазаб гьабилин абун.**

**78. Бануисраилал рачун Муса (гIв) авараг араблъи лъарабго жиндир боялги ракIарун пиргIав гьезда хадув вахъана. Амма гьел ралъдалъе лъугьарабго гьезда тIаде ралъад данде бачIана ва гьезда цIакъ кIудияб хIинкъи ва гьалаглъи рештIана.**

**79. Гьев пиргIавница жиндир къавм къосиялда жаниб чIезабун букIана, гьев жинца къавм битIараб диналда тIобитIулевлъун вукIинчIо.**

**80. Я бануисраилал!** Нужеца ракIалда щвезабе**: хIакълъунго, дица нужер умумул гьезул тушман пиргIавнил зулмуялдаса хвасар гьаруна. Цинги дица Муса аварагасе къотIиги гьабуна гьев ТIурсайнаъ мегIералда ахIун гьесухъе таврат кьезе ва гьесда калам гьабизе. Гьеб амру тIубан хадуб бануисраилал «Тигь» абулеб ракьалда сверула ругеб мехалъ гьезие зодисан «манна» ва «салва» рештIинабуна гьезда** щибго гIакъуба - захIмат бихьичIого жидеца гьеб ризкъи кваназе.

**8I. Ва дица гьездаги абуна: «Нужеца кванае хIалалаб ва лазатаб тIагIам дица нужее ризкъилъун кьураб жоялдаса. Гьеб дир ризкъи дида гIасилъиялъе сабаблъунги гьабуге. Гьедин нуж гIасилъани ва дир нигIматазда шукруги гьабичIони нужеда дир гIазаб щвезе буго. Гьеб дир ццим бахъи ва гIазаб жинда рештIарав чи жив гьалаглъарав ва гIадада хварав вукIуна - абун.**

**82. Дун цIакъ гурхIулев ва мунагьал чурулев вуго жинца тавбо гьабун купру-ширк тун, дида иман лъурав ва дир аварагазабада нахъвилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясда.**


**83.** Аллагьасда (عز وجل) калам гьабизе ТIурсайналда унеб мехалъ Мусаца живгун цадахъ къавмалъул лъикIал гIадамал рачун рукIана. Гьеб ТIур мегIералда гIагарлъараб мехалъ Муса авараг гьалмагълъиялдаса ватIалъун цеве ун вукIана, БетIергьанасда кIалъазе гIашикълъун. Цинги Аллагьас Мусаде абуна: **Мун дур къавмалдаса ватIалъун дихъе гIедегIун вачIинавураб жо щиб бугеб я Муса (гIв) -абун.**

**84. Мусаца абуна: «Гьеб дир къавм гьаб бакIалда гIагарда руго. Дун духъе гIедегIана, дир БетIергьан Аллагь (عز وجل), мун дида разилъизе бокьун» - абун.**

**85. Аллагьас (عز وجل) абуна: Мун гьездаса ватIалъун хадуб дур къавм дица питнаялда ккезабуна. Гьеб къавм хIакъаб диналдаса къосизабуна Самирияс.** Гьес гIарац меседалъул бачил сурат гьабун, гьеб бече алагь бугин абун, гьелъие лагълъи гьабизе тIамуна бануисраилал. Гьев Самурияв вукIана бануисраилазда гьоркьов жив лъугьарав сихIручи, гIакаялъе лагълъи гьабулеб къавмалдаса жив вугев.

**86. Цинги Муса (гIв) жиндир къавмалъухъе вуссана цIакъ ццим бахъун ва ракI къварилъун. Гьес абуна: «Я дир къавм! Аллагьас (عز وجل) нужее цIакъ берцинаб къотIи гьабун букIана гурищ?** Нужее тIехь рештIинабизе къотIи гьабун ун вукIана гурищ дун БетIергьан Аллагьасде (**عز وجل**) калам гьабизе**. Гьеб заман цIакъго халалъунишха ккараб, нужее гьабураб къотIи кIочезе ккани, яги нужее бокьунищ бугеб Аллагьасул ццим бихъи ва гIазаб нужеде рештIизе, гьедин нужеца дие гьабураб къотIиги хвезабун бугеб?»-абун.** Гьел бануисраилаца Мусае (гIв) къотIи гьабун букIана кидаго гьесул рагIиялда хилиплъи гьабиларин ва гьес малъухъин динги гьабилин абун.

**87. Гьеб къавмалъ абуна: «Нижеца дуе гьабураб къотIи хвезабичIо нижеего бокьун. Киниги нижгун цадахъ букIана КъибтIиязул гIарац месед. Нижеца гьеб гвендиниб рехана Гьаруница амру гьабун. Гьединго Самириясги рехана гьеб гвендиниб живгун цадахъ букIараб гIарац-месед.** Цинги гьеб гвендиниб Самирияс рехана живгун цадахъ букIараб Жабраил малаикасул чол лъалкIалдаса босараб ракь.




**88. Самирияс гьеб гIарац-меседалъул бачил сурат бугеб къаркъала гьабуна. Жиндир гьаракьги букIунеб бачил гьаракьалда релълъараб. Самирияс ва гьес къосизабун бачие лагълъи гьабураб къокъаялъги гьеб къавмалдаги абуна: «Гьаб буго нужерги Мусалги алагь. Мусае гьаб гьаниб кIочIон буго, живго Аллагь цIехезе ун вуго» - абун.**

**89. ТIадегIанав Аллагьас гьезул ахIмакълъи баян гьабун абулеб буго: «гьез пикруго гьабуларищ гьеб жо букIин щибго гьездехун хитIаб гьабулареб, рухI гьечIеб къаркъала. Жидее щибго хайир ва зарал гьабизеги кIолареб» - абун.**

**90. Муса (гIв) вачIинелде цебе Гьаруницаги (гIв) абун букIана гьел бануисраилазда: «Я дир къавм! Нуж гуккун руго гьаб бачил сураталъ. Нужер БетIергьан жиндир гурхIел цIоб кIудияв Аллагь (عز وجل) вуго. Нуж дида нахърилълъа ва дир амруялда мутIигIлъе» - абун.**

**9I. Бачие лагълъи гьаби бокьараб къокъаялъ Гьарунида (гIв) абуна: «Нижеца гьаб бечеялъе лагълъи гьабизе буго ва гьеб лагълъи гьаби тезеги гьечIо Муса нижехъе вачIун гурони» - абун.**

**92-93.** Мусаца (гIв) къавмалъухъе вачIидалго ва гьел бачие лагълъи гьабялда тIад чIунги ратидал, гьесул цIакъ ццим бахъана ва **Мусаца Гьарунида (гIв) абуна: «Я Гьарун! Мун щиб жоялъ нахъе чIварав гьал чагIи къосун рихьараб мехалъ дур ццим бахъичIого вукIине, гьаб дир ццим бахъараб хIалалъ! Мун дир амруялда гIасилъунищ вугев» - абун.**

**94. Гьаруница абуна**: **«Я дир эбелалъул вас»-абун.** Эбелалъул цIар рехсараб мехалъ инсан гIодове виччалеб гIадат бугелъул. **Дуца дир мегеж ва бетIер ккоге ва дун кIовокIуге! Дун хIинкъана дуца дида гIайиб чIваялдаса дица бануисраилал рикьизарун цоцазде рагъизарунин»-абун. Цинги дица бицараб жоялда мунги гIенеккиларин хIинкъана дун.** Муса аварагас Гьарунил рас биччан тана, гьесда тIаса лъугьинги гьарана ва жив Самириясда аскIове ана.

**95. Мусаца абуна: «Гьаб щиб жо кколеб дуца гьабураб, ва сунца мун тIамурав гьеб иш гьабизе я Самирияв» - абун.**

**96. Самирияс абуна: «Дида бихьана бануисраилазда бихьичIеб жо»-абун.** Жабраил малаик вихьана духъе вачIарав. **Дида ракIалда ккана гьеб чуялъул лъакIалдаса ракь босизе. Дица гьеб ракь босана ва дица гьеб рехана доб бечеялъул сураталда бугеб къаркъалаялда. Цинги гьелъул гьаракьги лъугьана. Гьаб иш дица гьабуна дирго напсалъе бокьун»-абун.** Цоги щибго жоялъ тIамичIо дун гьеб гьабизе.

Цоги ГIалимзабаца абуна: «Самирияс гьеб ракь рехана жиб биараб гIарац-меседалда тIаде ва жинца абуна: «Гьаб биараб гIарац-меседалъул бече лъугьа»-абун. Гьелъул бечеялда релъараб къаркъала лъугьана жиндир бачил гIадаб гьаракьги бугеб»-абун.


**97. Муса аварагас абуна: «Мун нижеда аскIоса нахъе а! гьаб дунялалъул рокъоб дуе бугеб гIазаб буго «Дида хъатIуге»**(хъваге) **абун ахIулев вукIин мун хвезегIан.** Гьев Самирияв цониги чиясда хъатIичIого, гIадамаздаса ватIалъун чIезавуна Аллагьас (عز وجل). **Дуе ахираталдаги гучаб гIазаб букIине къотIи буго ва гьебги жиб хисуларе мухIканаб къотIи буго. Гьанже мун валагье дурго алагьасда (бечеялда) жиндие дуца ва дуда нахърилълъараз лагълъи гьабураб. Дица гьеб бухIун хIурлъун лъугьинабила ва гьеб хIурги дица ралъдалъе бала.** Щибго асар нахъе хутIиларо

нужер хъанчалъул, Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабизе нужеца ургъараб. Гьединаб жойищ алагь букIунеб?. Жибго цIунизе кIолареб, гьелъ цогидазе щиб кумек гьабулеб?

**98. Жиндие гIибадат гьабизе хIакъав нужер БетIергьан жив цогояв Аллагь (عز وجل) вуго, жив гурев цоги гьечIев, гьев Аллагьасул гIелмуги зобал ракьазда бугеб кинабго жоялда жиб щвараб буго.** Гьесие щибго жо балъго хутIуларо. Нужер лъикIабги квешабги гIамал гьесда лъала ва ьелда рекъараб жаза гьабила.

Сабунияс абуна: гьал бануисраилал хъанчие лагъалъи гьабизе гIедегIиялъе ва гьезие гьеб бокьиялъе сабаб букIанин гьел гIемерал соназ хъанчие лагъалъи гьабулеб пиргIавнил къавмалда гьоркьор рукIин ва гьезул ракIилъан гьеб квешаб асар тIагIунарого букIин-абун. Гьаб хIал букIунеб буго инсанасул жиндирго напсалъул къадро лъачIеб мехалъ, жив щиб бугониги жоялъул лагъ ва гьелда божарав вугеб мехалъ.

Гьелъие мисал буго нилъеда гьоркьор рукIин жал бусурбабилъун ругел ва жидее жакъаги Аллагьасда (عز وجل) инкар ккун, гьесда данде рагъ балел рукIарал каммунистал рокьулел, гьезул хIакъикъат щиб букIараб жидеда бичIчIуларел гIадамал.




**99. Гьадин дица дуда рицуна МухIаммад ﷺ, цересел умматазул харбал. Дица духъе Къуръанги кьун буго дир рахъалъан бугеб тIоритIеллъун.** Дуе мугIжизатлъун ва умматалъе рахIматлъун.

**I00. Гьеб Къуръаналда иман лъеялдаса ва гьелда нахъвилъилъиялдаса вуссарав чи къиямасеб къоялъ цIакъ кIудиял мунагьалги раччун вачIуна ва жагьанамаялда жанив ккола.**

**I0I. Даимго вукIинелъун лъугьинавула гьев жужахIалда ва цIакъ кIудияб ва квешаб гьир буго гьеб къялъ гьез баччунеб мунагьазул гьир!**

**I02. Исрафил малаикас сур пураб къоялъ дица гьел капурзаби махIшаралда данде ракIарула гьезул гьурмал чIегIераллъун, бералги цIикараллъун.** Гьеб цIакъ сурараб сипат буго, жиндаса инсан хIинкъулеб.

**I03. МахIшаралъул захIмалъи жидеда бихьидал гьел балъгого цо-цазде шуршудула нилъеца дунялалда цо анцIго къо гурони бан батиларин абун.**

**I04. Дида лъала гьез цо-цазде шурун бицугеб жоги, гьезул гIакъло бугез абулеб ргIиги: нилъеца цохIо къо гурони бачIин дунялалдаян.**

**I05. Дуда гьикъулеб буго МухIаммад ﷺ, къиямасеб къоялъ гьал мугIрузул щиб хIал букIунеб абун. Дуца гьезда абе: Дир БетIергьанас гьел мугIрул хIур лъугьинабун, гьороца росизарун, шушазе гьарула.**

**I06. Цинги гьеб бакIги цIвакараб къоно гIадин лъугьуна жинда тIаде щибго жо гьечIеб.**

**I07. Дуе гьениб гьетIараб бакIги бихьуларо, борхатаб ва гвенд бугеб бакIги бихьуларо.**

**I08. Гьеб къиямасеб къоялъ кинабго халкъ билъалъуна жинца махIшаралда халкъ ахIулев чиясда хадур: цониги чи гьеб ахIиялъе жаваб кьеялдаса вуссунаро. Киналго гьаркьалги гьеб къоялъ сихI къотIун, Аллагьасе (عز وجل) хIелун рукIуна. Гьеб къоялъ цIакъ гьитIинаб, жиб ргIуларе сас гурони букIунаро.** Гьеб сасги махIшаралдехун унеб халкъалъул хIатIазул гьаракь букIуна


**I09. Гьеб къоялъ щивниги чиясул шапагIаталъ кумек гьабуларо, Аллагьас (عز وجل) изну кьун ва жиндир ргIиялда разилъун шапагIат гьабизе виччарасул шапагIаталъ гурони.**

**II0. ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир лагъзадерица дунялалда гьарурал гIамалал, ахираталда гьезул букIунеб хIалги. ГIадамазул гIакъло ва гIелму нахъ гIунтIуларо Аллагьасул (عز وجل) гIелмуялда ва гьесул пишабазда.**

**II1. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ мутIигIлъун, мукIурлъун ва хIелун букIуна жиндир къуват гуч бергьарав, жив чIагояв, жинца кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев Аллагьасе (عز وجل). Гьеб къоялъ жив чIового хутIарав ва инжитлъарав вуго жинца дунялалда вугеб мехалъ ширк гьабулевлъун вукIарав чи.** Гьесул цониги гIамал къабул гьабуларо ва гьев жиндир мурадаздаги щоларо.

**II2. Жинца иманги лъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарав чи ахираталда жиндие щибго хIинкъи гьечIев вуго:** Гьесул лъикIаб гIамал камизе гьабун гьесие зарал гьабуларо. Гьес гьабичIеб квешаб гIамал тIаде цIикIинабун зулмуги гьабуларо.

**II3. Гьаб Къуръаналда жанир цересел умматазул къисаби ругеб гIадинго, дица гьаб Къуръан дуда рештIинабуна жиб пасихIаб ва баянаб гIараб мацIалда.** Гьелдалъун гIадамазда лъазе гьаб Къуръан инсанасул калам гьечIеблъи. **Дица гьаб Къуръаналда жаниб такрар гьабун хIинкъиги кьолеб буго дида гIасилъаразе букIине бугеб гIазабалдалъун. Гьел гIадамал хIинкъизе бокьун ва гьезул ракIазулъ вагIза лъугьизе бокьун.** Гьелдалъун жидеца купру-ширк ва гIасилъаби тезе ва тавбо гьабун, Аллагь (**عز وجل**) цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялда гьел руссине.




**II4. Гьел мушриказ ва капурзабаца жиндие гьарулел сипатаздаса ТIадегIанав ва вацIцIадав вуго кинабго махлукъалъул хIакъав ханлъун жив вугев БетIергьан Аллагь. Дуца Къуръан цIализе хехльи гьабуге МухIаммад, дуда гьеб Жабраилас вахIю гьабун тIубазегIан. Ва дуца Аллагьасдаги гьаре МухIаммад ﷺ, гьес дуда жиб лъаларе гIелмуги лъазе гьабе абун.**

**II5. Дица Адам аварагасдаги амру гьабун букIана цебесеб заманалъго пуланаб гъветIалдаса кванаге абун. Гьесие дир амру кIочана ва дида гьесул къвакIараб тIад чIейи батичIо жинда гьабуге абун абураб жо гьабичIого тезе.**

**II6. Дуца умматалда бице МухIаммад ﷺ дица малаикзабада абураб гIуж: «Нужеца Адамие сужда гьабе»-абун. Гьел киназго сужда гьабуна цохIо иблисалъ хутIизегIан. Гьеб исблисалъ Аллагьасул (عز وجل) амру тIубачIо ва жиб гьесда гIасияблъун лъугьана.**

**II7. Цинги дица Адамида абуна: «Я Адам! Гьаб иблис дур тушман буго, дур чIужуялъеги тушман буго. Нуж гьеб иблисалъе мутIигIлъуге. Гьелъие нуж мутIигIлъани гьелъ нуж алжаналдаса къватIире рахъизарула ва нужги бахьикъосараллъун лъугьуна»-абун.** Мун цIакъаб захIмалъиялда ккезе вуго дунялалъул ризкъи тIалаб гьабизе ккун.

**II8. Дуе гьаб алжаналда жаниб вакъи гьечIо, ретIелги къваригIунаро.**

**II9. Дуе гьениб жаниб бакъул бухIи гьечIо ва къечалъул ургъелги гьечIо.** Гьеб алжан буго хIалхьиялъул ва рохалил рукъ, гьениб свакай-гIакъуба гьечIо, бухIи-цIоройги гьечIо.

**I20. Цинги гьеб шайтIаналъ Адамил рекIелъ вас-вас ккезе гьабун абуна: «Я Адам! Дица дуда малъилищ кидаго мун алжаналда жанив хутIулеб къагIида ва дуца жиндаса кванани мун чIаго хутIулеб ва дур нигIматалги кидаго тIаса унареб гъветIалдаги тIовитIилищ мун?» - абун.**

**I2I. Адамицаги ХIавацаги Аллагьас жиндаса кванаге абураб гъветIалдаса кванана ва гьезда жидер гIавратал загьирлъана. Цинги гьел жидер черхалда гъутIбузул тIамхал рекIизаризе лъугьана ва гьелдалъун гIаврат бахчизеги лъугьана. Адам авараг жиндир БетIергьанасул амруялда гIасилъана ва жив къосунги ккана.**

**I22. Хадувги БетIергьанас Адам (гIв) жинда гIагар гьавуна, гьесул тавбоги къабул гьабуна. ХIакъаб нухалда тIовитIун, гьелда чIолевлъун гьавуна.**

**I23. Аллагьас абуна: «Гьанже нуж киналго гьаб алжаналдаса къватIире лъугьун ракьалда рештIа!»-абун. Нуж гьеб ракьалда тIад дунялалъул магIишат сабаблъун цоцаде тушманлъи гьабулел рукIизе руго.** Нужер тIабигIатал ва къасдалги батIа-батIаял рукIине руго. Нужер гIакъидаги цо букIине гьечIо. ГIалимзабаца цоги магIна гьабуна: «Иблисалъул наслоги Адамил наслоги цоцазе тушбаби рукIизе руго»-абун.

**Нужехъе дир аварагзабиги ва тIахьалги рачIараб мехалъ, нуж хIакъаб диналда тIоритIизе, гьеб дир тIоритIелалда чIун ва аварагзабада нахъ рилълъун хьвадарал гIадамал дунялалда жал мекъи ккезе гьечIо ва ахираталдаги бахьи къосараздаса рукIизе гьечIо.**


Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гьоркье чIун вуго жидеца Къуръанги цIалун, гьелда гIамалги гьабун хьвадарал гIадамал дунялалда къосизе теларин, ахираталда бахьи бугелги гьарилин абун.

**I24. Дир Къуръаналда ва цогидал тIахьазда гIамал гьабиялдаса жив вуссарав чиясе дунялалъул рокъоб цIакъ захIматаб яшав букIине буго,** гьев бечедав вугониги. Лъимал-хъизан гIемерав вугониги жиндие хIалхьи гьечIеб, рекIелгъей гьечIеб яшавалда вукIине вуго.

ТIадегIанав Аллагьас иман лъеялда жаниб гьабун буго дагьаб бугониги дунялалъул боцIи гIуравлъун вукIин, жинда тIад щиб къварилъи бачIаниги гьеб Аллагьасул рахъалъан букIин лъан Аллагьасе мутIигIлъи. Жиндир ракI гIодоб биччан вукIин: жиндие хIукму гьабураб жо лъугьунеблъи лъан, жиндие хъвараб ризкъиги жиндаса борчIулареблъи лъан. Жиндие кьураб жоялда разилъиги букIуна имангун цадахъ, хадусеб ишалъулъ Аллагьасда таваккал тIамиги букIуна.

**Къиямасеб къоялъ дица гьев тIаде вахъине гьавула жив беццавлъун.**

**I25. Гьев капурчияс абула: «Я дир БетIергьан! Дуца дун беццавлъун щай тIаде вахъине гьавурав. Дун дунялалда канлъи бихьулевлъун вукIана гурищ?-абун.**




**I26. Аллагьас абула: дунялалда духъе дир аятал рачIун рукIана.** Духъе авараг витIана гьесда тIехьги рештIинабуна, гIемерал гIаламатал ва мугIжизаталги гьаруна. **Гьеб кинабго жо дуда бихьичIо, дуца гьелда гIамал гьабичIо ва гьел кIочон тана. Жакъа мунги кIочон тезе вуго жужахIалда жанив абадияб гIазабалъулъ»-абун.**

**I27. Гьадинаб жаза гьабула дица киналго капурзабазе ва мушриказе: дир аятазда иман лъечIел ва жидеца дунялалъул чIаголъи тIаса бишун ахират кIочон тун рукIарал. Гьеб ахираталъул гIазаб цIакъ захIматаб ва жиб тIаса унареб буго.**

**I28. Мун жидеца гьереси гьавулел Маккаялъул мушриказда лъала гурищ МухIаммад ﷺ, жидеда цере рукIарал къавмаз жидер аварагзаби гьереси гьарураб мехалъ гьел кин гьалаг гьарураблъи. Гьел мушрикал жидер сапаразулъ дол къавмаз нахъе тарал чIунтарал росабалъги щола.** ГIадилал, Самудиял рукIараб бакIалда щола ва гьезул нахъе хутIараб жоги бихьула. **Гьел чIунтелазулъ Аллагьасул гIаламат руго иман лъезе бокьарал, жидер гIакъло бугел гIадамазе жидер БетIергьан Аллагь жиндир гуч бергьарав жив цогояв хан вукIиналда тIоритIел гьабулел.**

**I29. Аллагьасул (عز وجل) хIукму-къадар букIинчIебани гьел мушриказе гIазаб гьаби нахъ бахъун теялдалъун бугеб, ва гьеб гIазаб гьабизе Аллагьас къадар гьабураб гIужги букIинчIеб ани, гьал мушриказда тIад гIазаб рештIине букIана ва гьезда гьеб даимлъизеги букIана.**

**I30. Дуца сабро гьабе МухIаммад ﷺ, гьез дуда бицунеб квешаб рагIиялда. Дуца дур БетIергьан Аллагьасе тасбихI гьабе, гьев гIемер рехсе ва гьесие какалги рай бакъ баккилелде цебеги, бакъ тIерхьилелде цебеги, сардилъги рехсе дуца Аллагь, къоялъул щибаб гIужалъги рехсе. Аллагьас**

**(عز وجل) мун рази гьавизе вуго ва дуе квербакъиги букIине буго.** Гьел мушрикалги Аллагьас ( عز وجل) гIодорегIан гьаризе руго.

**I3I. Мун гIажаиблъун валагьуге МухIаммад, дица гьел капурзабазул батIи-битIиял къокъабазе кьун бугеб дунялалъул мугIишаталда:** гьезул чIухIарал минабазда, чIахIиял ахазда, пахруяб ретIелалда, бечедал нигIматазда. **Гьеб буго дица гьел гуккизе кьураб дунялалъул берцинлъи. Гьезул хIалбихьи гьабиги буго гьез нигIматазе шукру гьабуладай абун. Дур БетIергьанас дуе кьураб Аллагь (عز وجل) лъай ва гьесие гIибадат гьаби, цIакъ лъикIаб ва жиб нахъе хутIулеб, ахираталда жиб батулеб ризкъи буго.**

**I32. Дуца дур агьлуялда амру гьабе МехIаммад ﷺ как бай абун ва гьеб как баялда тIад чIун дуцаги сабро гьабе. Дица дуда амру гьабулеб гьечIо дуца ризкъи тIалаб гьабе абун. Дун вуго дуе ризкъи кьолев. Дунялалъул рукъор Аллагьасдаса хIинкъун хьвадарал гIадамазе лъикIаб ахират букIине буго.**


**I33. Маккаялъул мушрикаца абулеб буго: «Гьав МухIаммад ﷺ жив ритIухъав вукIиналда тIоритIел гьабулеб мугIжизат бачун вачIуневани жиндир БетIергьанасул рахъалъан»-абун. Гьезухъе бачIун буго гурищ киналниги цересел тIахьазда бугеб жо жинца бицунеб Къуръан.**

**I34. Дица гьел мушрикал дир гIазаб тIад биччан, гьалаг гьарун рукIаралани гьезухъе МухIаммад ﷺ аварагги Къуръанги битIилелде цере, гьез абизе букIана: «Я нижер БетIергьан! Дуца нижехъе авараб витIун вукIаравани: ниж гьесда нахърилъхъине ва дур аятазда иман лъезе, гьаб гIазабги гIодогIанлъиги нижеда щвелелда цебе»-абун.**

**I35. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: нужги нижги балагьун чIун руго заманаялъ щиб гьабулеб ва квербакъиги лъие букIулеб»-абун. Нуж балагьун чIаха нужер ахир киндай ккола абун!** Гьаб рагIи буго мушриказе хIинкъи кьун абулеб рагIи. **Дагьаб хадуб лъазе буго хIакъаб, битIараб нухалда щал ругел, ва Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан тIоритIел лъие бугебги.** Гьединго лъазе буго жидер нух къосарал, жал батIулаб диналда ругел щал ругебги.

**2I. Суратул Анбияъ**

Маккаялда решIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIила кIиго аят бугеб.




**I. ГIадамаз гьарурал гIамалазул хIисаб гьабулеб заман гIагарлъун буго. Амма гьел жидерго гьава напсалда мутIигIлъун ва шагьватазда нахърилъхъун рукIун, къиямасеб къоялъул амруялдаса гьапуллъун руго.** Гьез ахираталда батулеб лъикIаб гIамал гьабулеб гьечIо, гьеб къоялда данде чIвазе щибго хIадурлъиги гьабулеб гьечIо. Гьаб аяталда жаниб къиямасеб къо гIагарлъун бугин абиялъе сабаб буго жиб букIин ва бачIин хIакъаб жо гIагарда бугелда релъхъун букIин.

**2. Гьел мушриказухъе бачIунеб гьечIо гьезие вагIза гьабулеб ва хIинкъи кьолеб Къуръаналлъул цIияб аят ва хабар, - гьеб Къуръан махсароде гьабизелъун жал гIенеккун рукIун гурони.** Гьелда иман лъечIого, гьеб гьереси гьабун.

**3. Гьезул ракIал Аллагьасул каламалдаса гъапул руго, гьел мушрикал жидедаго гьоркьоб шурун хабар бицулел руго: «Гьев МухIаммад ﷺ гьечIогурищ нилъедаго релъхъарав чи гурони, гьесда Аллагьас (عز وجل) вахIю кин гьабулеб? Гьев тIагIамги кваналев, къватIахъги сверулев чи вуго. Нужеца гьес гьабураб сихIро ва гьес бицараб хабар къабулищ гьабулеб, нужеда гьеб сихIро букIин лъалаги букIадго» - абун.**

**4. Аллагьасул расулас ﷺ абуна: дир БетIергьан Аллагьасда лъала зобал ракьазда жаниб бицунеб хабар.** Гьесда щибго жо балъго хутIуларо. Нужер балъгояб шур-шудиги лъала. **Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго жинда кинабго жо рагIулев ва кинабго жо лъалев.**

**5. Жегиги мушрикаца Къуръаналъул хIакъалъулъ абуна: «Гьеб МухIаммадида ﷺ макьилъ бихьараб жо бугин, гьеб МухIаммадица ﷺ жинцаго ургъун бицунеб жо бугинги, гьев шигIру гьабулев чи вугоянги абуна.** Гьаб чанго батIияб ргIи мушриказ абиялъ бихьизабулеб буго гьел цо жоялда чIун гьечIеблъи, гьезул гIакъло хисардулеб букIин ва гьез бицунеб жо гьереси букIин. Мушриказ гьелдаги тIад абулеб буго: **Гьев МухIаммад ﷺ нижехъе вачIаха ццересел аварагзабигIадин жив ритIухъав вукIиналда тIоритIел гьабулеб мугIжизатги бачун абун.**

**6. Гьезда цере рукIарал умматазул цониги росдал агьлуялъ ва цохIо къавмалъ иман лъечIо** жидехъе рачIарал аварагзабадаги гьезие бугеб мугIжизаталдаги. **Гьез гьел гьереси гьаруна ва дица гьел къавмалги гьалаг гьаруна. Гьал Маккаялъул мушриказ иманищха лъезе бугеб дуда, я МухIаммад ﷺ, дуца гьезие мугIжизат бихьизабунин абун.**

**7. Дудаса цереги дица аварагзабилъун гIадамаздаса бихьинал ритIана ва гьезда дица шаригIатги вахIю гьабуна.** Цониги къавмалда дица малаикзаби ритIичIо расулаллъун. **Нужеда гьаб амру гьадин букIин лъалеб батичIони нужеца гьикъе жидеца Инжил ва Таврат цIалулел гIадамазда.**

**8. Гьел аварагзаби дица гьаричIо жидеца тIагIам кваналарел чурхдуллъун, ва гьел хвечIого чIаго хутIулеллъунги гьаричIо.**


**9. Дица гьезие гьабураб къотIиги тIубазе гьабуна:** аварагзабазе квербакъи гьаби ва гьезул тушбаби гьалаг гьари. **Дица гьел аварагзабиги, гьезда иман лъурал гIадамалги гIазабалдаса хвасар гьаруна. Аллагьасде (عز وجل) инкар ккурал, аварагзаби (гIв) гьереси гьарурал ва зулму-пасалъи гьабураб къавм гьалаг гьабуна.** Гьаб жо гьабизе хIал кIола Аллагьасул (عز وجل) гьал Маккаялъул мушрикказеги.

**I0. БичасхIаги, дица нужеда Къуръан рештIинабуна я гьал гIарабиял, нужер мацIалда жиб бугеб ва жинда жаниб нужер бицен бугеб.** Гьелда релълъараб цоги тIехьги гьечIеб. **Гьаб иш кин нужеда бичIчIулареб ва нужеца иман кин лъоларе?**

==========

Абугьураярат асхIабасдаса (ра) хIадис бицана:

Бичасул расулас ﷺ абуна: ***ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Бищун жиндие вокьулев чи хвараб мехалъ, Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьелда сабру гьабурав дир муъминав лагъасе алжан гуреб цоги жазаъ гьечIо» - абун.*** ХIадис Бухарияс (ра) бицана.




**II. Дица гIемер гьалаг гьаруна росабиги шагьаралги жидер агьлуялъ зулму гьабураб мехалъ. Гьезул бакIалда дица цоги къавмалги рижизаруна.**

**I2. Жидеда дир гIазаб рештIиялъул гIаламатал загьирлъараб мехалъ гьел цIакъ хехаб хIалалъ гьеб гIазабалдаса лъутулел руго.**

**I3.** Гьел махсароде гьарун малаикзабаца абула: **Нуж лъутиге! Нуж нахъе руссун рачIа нужерго нигIматазда ва минабазда. Нужеца лазат-рахIат босулеб букIараб жоги тун кире нуж тIурун унел! Нужеда кIал гьикъизе бегьула нужеца гьабураб гIамалалъул!»-абун.**

**I4. Лъутун унаго гьез абула: «Вай нижее бугеб къварилъи! Ниж нижерго напсазе зулму гьабулеллъун рукIана щирк гьабун, Аллагь (عز وجل) авараг ﷺ гьереси гьавун»-абун.**

**I5. Гьедин ахIулел ва зигардулел рукIуна гьел инкарчагIи дица гьалаг гьарун лъилъараб хур гIадин чIван гIодоре разегIан.**

**I6. Дица зобал ракьалги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб махлукъги бижичIо дун гIададесеб жо гьабулевлъун вукIун.**

**I7. Дие бокьун букIараб ани ва дир хIажалъиги букIарабани дие рекIел гъеялъе лъимал-хъизан гьабизе, гьеб рекIел гъей гьабулеб жо дица дида аскIор ругел малаикзаби яги хIурулгIинал гьарилаан.**

**I8. Дица батIулаб диналда тIад хIакъаб дин рештIинабуна** гьеб дин хвезабизе. **ХIакъаб диналъ батIулаб жо гьалаг гьабула ва гьеб тIагIун уна. Нужее цIакъ квешаб гIазаб ва гьалаглъи букIине буго,** я гьал мушрикал ва капурал гIадамал, **нужеца Аллагьасе (عز وجل) гьарулел батIулал сипатал сабаблъун.**

**I9. Гьев Аллагьасул (عز وجل) мулк буго ва гьесул лагъзал руго зобал - ракьалда жанир ругел киналго махлукъатал. Гьев Аллагьасда (عز وجل) гIагарда ругел малаикзаби чIухIуларо Аллагьасе тасбихI гьабизе ва гIибадат гьабизе. Гьеб гIибадат гьабун гьел гIорцIуларо ва жидее гьеб чIалгIунаро.**

**20. Гьез тасбихI гьабула релъедалги къадги ва гьеб гIибадат гьабун гьел свакаларо ва тасбихI-гIибадат гьабизе загIиплъуларо.**


**2I. Гьал мушириказ ракьалда тIад алагьзабийищ гьарун ругел, гьезда хварал чагIи чIаго гьаризе кIолел?**

**22. Гьал зобал ракьазул ханлъиялда цохIо Аллагь (عز وجل) гурев цогиги алагьзаби рукIаралани, гьезул гIадло- низам биххизе букIана.** Гьел алагьзаби цо-цазде къацандичIого рес букIунаро ва гьел къецандараб мехалъ гIадло хвей ва пасалъи тIаде бачIуна.

Нилъеда лъалеб жо буго цо шагьаралъул яги цо улкаялъул кIиго хан вукIунаро: нагагь кIигояв ханлъи гьабизе лъугьани гьезда гьоркьоб рагъ лъугьун, гьезул цояв къола цояв бергьуна, цинги жив бергьарав ханлъун вукIуна. Алагьзаби цоял цояздаса къолел кин рукIунел? Гьаб иш гьадин бугелъул нужеда лъай: **ГIаршалъул БетIергьанлъун жив вугев, цогидаб кинабго махлукъаталъулги БетIергьанлъун вугев Аллагь вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго жагьилаб агьлоялъ ва мушириказ гьесие гьарулел, гьесул къадроялда рекъоларел сипатаздаса.**

**23. Гьев Аллагьасда (عز وجل) гьикъуларо гьес гьабулеб жоялдаса.** Аллагьасда гьикъизе гьесда вашадав яги гьесдаса тIадегIанав чи гьечIо. **ГIадамал жидер гIамалаздаса гьикъизе бугел ва гьезул хIисаб-мизан гьабизе бугел руго.**

**24. Жидеца гьев Аллагьги (عز وجل) тун цоги алагьзабийщ кколел гьезие гIибадат гьабизе ва гьел кIодо гьаризе? Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: рачIаха нужерго хIужа-далил бачун гьеб нужеца гьабулеб ширк битIараб букIиналъе.** РачIунаро гьел хIужжа бачун ва гьез гьабулеб ширкги батIулаб жо буго. **Гьаб дуда рештIинабураб Къуръаналда жаниб ва гьелда цебехун рештIинабураб Тавраталдаги Инжилалдаги гьечIо Аллагьасдехун ширк гьабизе бегьиялъе хIукму.** Нужеца кисаха гьеб хIукму босулеб? **Гьел мушириказул гIемерисел жагьилал ва ахIмакъал гIадамал руго.** Жидеца гьабулеб жо хIакъабищ бугеб, батIулебищ бугеб гьезда лъаларо, гьел хIакъаб диналдаса руссун чIун руго. **ХIакъаб жо лъазе гIоло пикру гьабулел, гьелъие далил цIехолелги гьечIо.**




**25. Дица дудаса цевеги цониги расул витIичIо МухIаммад ﷺ гьезда вахIю гьабун гурони дун гурев цоги Аллагь гьечIо абун** жиндие лагъларъи гьабизе бегьулев. **Нужеца гIибадат цохIого дие гьабе!**

**26. Мушириказ абуна: «Аллагьас (عز وجل) жиндие лъимал ккун руго»-абун. Аллагь вацIцIадав вуго, гьез жинда гIунтIизабулеб сипаталдаса. Гьел малаикзабиги Аллагьас (عز وجل) хира гьарурал гьесул лагъзал руго.**

**27. Аллагьас амру гьабун гурони гьез рагIиги абуларо, гьес амру гьабураб жо гуреб гьез гьабуларо. Жидер мутIигIлъи камилал лагъзал руго гьел малаикзаби.**

**28. Аллагь (عز وجل) кинабго махлукъаталъул хIал жинда лъалев вуго: цебехун араб жо лъалев вуго, хадуб букIинесебги лъалев вуго. Къиямасеб къоялъ шапагIат гьабизеги кIоларо Аллагь (عز وجل) жиндаса разияв чиясе гурони. Кинабго халкъги гьеб къоялъ Аллагьасдаса хIинкъун сородулел рукIуна.** Жидеда гьеб къоялъ лъала Аллагьасул (**عز وجل**) гучги къудратги.

**29. Гьел малаикзабазул цонигияс абун букIарабани дун алагь вугин дие Аллагьасе гIадин лагълъи гьабулев абун, гьесиеги жужахIалъул гIазаб букIинаан. Гьединаб жаза гьабула дица жинца зулму гьабурав ва шаргIалъул гIорхъаби хвезарурав чиясе.**

**30. Гьал Аллагьасда инкар ккурал гIадамазда лъаларищ гьал зобалги ракьалги цоцазде хурхарал, цогояб жо букIараблъи. Цинги дица гьел цоцаздаса ратIа гьаруна. Гьединго дица лъимги гьабуна кинабго жо чIаголъиялъе сабаблъун.** Гьеб лъим гьечIого рухI бугеб жо чIаго хутIуларо ва ракьалда тIад жоги бижуларо. **Гьал гIаламатал лъараб мехалъги жидеца Аллагьасда иман лъоларищ ва гьесул къудрат ритIухъ гьабизе ккелариш?**


**3I. Дица ракьалда тIад мугIрулги гьаруна, гьеб ракь гIадамаз тIад гIумру гьабизе бегьулеб, цо бакIалда чIараб букIизе. Гьел мугIрузда гьоркьор гIатIидал нухалги гьаруна, гIадамал сапаралда ине ва гьез магIишат тIалаб гьабизе.**

**32. Дица зобалги гьаруна ракьазда тIад тIох гIадин тIаде рорхарал ва жал цIунарал,** гIодоре рортиялдаса цIунарал, шайтIаби зодор рахиялдасаги цIунарал. **Аллагьасда инкар ккурал, гьесул къудраталда божуларел гIадамал гьесул аятаздаса руссун руго**.

**33. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго** жив цогояв ва жиндие гIибадат гьабизе хIакъав, **жинца сордокъо бижарав, бакъ-моцIги бижарав. Гьеб щибаб цоябги жидер зобалда жаниб, жиндир нухалда хьвадулеб буго.** Нилъер беральe бихьулеб хIалалъ бакъги моцIги, цогидал цIвабиги жал хьвадулел, раккулел ва тIерхьулел руго.

**34. Дуда цеве дица цониги чи гьавичIо МухIаммад ﷺ, жив даимго чIаго вукIуневлъун, мунги хвезе вижарав вуго. Мун хун хадуб даимго чIаго рукIунелишха ругел гьел мушрикал ва мун гьереси гьавулел инкарчIагIи?**

**35. Гьеб ажал лъугьараб мехалъ кинабго напс жинца хвел чIамизе бугеб буго. Дунялалда дица нужер хIалбихьи гьабула нигIматал кьун шукру гьабуладай абун, къварилъи тIад биччан сабро гьабуладай абунги. Ахир нуж киналго диде руссине руго ва нужер гIамалалда рекъараб жазаги гьабизе буго.**




Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица гьаб аяталъе тапсир гьабун абуна: «Дица нужер хIалбихьи гьабила бечелъи-рахIаталдалъун, захIмалъи-къварилъи, унти-шокълъиялдалъун ва сах-саламат тунги. Мискинлъи-язихълъиялдалъунги. ХIалалаб-хIарамаб жоялдалъунги. Дида мутIигIлъи- гIасилъиялдалъунги, хIакъаб нухалда тIоритIи ва къосиналдалъунги»-абун. Ибнузайдицаги абуна: «Дица нужер хIалбихьи гьабила нужее бокьулеб, лъикIаб щинаб жоялдалъун, нужеца шукру гьабулишан абун. Нужее рихулеб захIматаб щинаб жоялдалъунги, нужеца сабро гьабулишан»-абун.

**36. Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул диналда инкар ккурал гIадамазда мун вихьараб мехалъ, гьез мун махсароде гьавулев вуго МухIаммад ﷺ: гьавищ вугев нужер алагьзабада ва нужер диналда гIайиб чIван кIалъалев чиян абулеб буго гьез. Амма гьел руго жиндир гурхIел бергьарав Аллагьасда инкар кколел ва гьесие мутIигIлъуларел.**

**37. Инсанасул тIабигIат ва вижин буго жив хехлъулев, гIедегIулев вукIин. Дица нужеда дагьаб нахъа бихьизабизе буго дир аятал,** гьел дидехун гIасилъарал гIадамаздаса ццин ва рецIел босулеб куцги. **Нужеца жиндир заман щвелелдего цо амру бачIин тIалаб гьабуге.**

**38. Мушриказги абулеб буго: кидаха букIине бугеб (**хехго щай бачIунареб**) нижее гьабизе къотIи гьабураб гIазаб? Нуж битIараб жо бицулел ратани, я гьал муъминзаби, бачеха гьеб гIазаб нижеда тIаде!** Гьаб рагIи мушриказ абулеб буго аварагги муъминзабиги махсароде гьарун, гьеб гIазаб жидеда щвезе гьечIин ракIалда ккун. Гьезул рагIиялъе жаваблъун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**39. Гьел инкарчагIазда лъалеб букIарабани гьеб гIазаб рештIараб мехалъ жидеда гьеб цIаялдаса гьурмал цIунизе кIолареблъи ва жидер мугъалги, тIолго черхги цIунизе кIолареблъи, гьезие квербакъулев ва гьездаса гIазаб нахъчIвалев щивго чи гьечIеблъи,-** гьел капурзабаца абизе букIинчIо «киб бугеб нижее къотIи гьабураб гIазаб»-абун. Гьезда Аллагь (عز وجل) лъангутIиялъ, ахираталда иман лъунгутIиялъ ва гьениб бугеб алжанги, жужахIги лъангутIиялъ руго гьел Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса хIинкъуларого ва гьадинаб ахIмакъаб хабар бицулел.


**40. Гьеб гIазаб гьезда тIаде бачIине буго тохлъукьего:** гьезда ракIалдаго гьечIеб мехалъ ва гьез пикруго гьабичIеб рахъалъанги. **Цинги гьел цIакъ хIинкъизе ва хIайранлъизе руго. Гьезда гьеб гIазаб нахъчIвазеги кIвезе гьечIо, тIокIал нахърахъун тезеги гьечIо.** Жидее гIазаб гьабизе Аллагьас (عز وجل) къадар гьабураб гIуж тIаде щвараб мехалъ гьеб гIазаб гьаби нахъбахъуларо ва гьезие тавбо гьабизе, лъикIаб гIамал гьабизе рес букIуларо.

**4I. Дуда церехун ритIун рукIарал дир аварагзабиги** жидер къавмаз **махсараде гьаруна МухIаммад ﷺ, дур къавмалъ мун гьавурав гIадин. Гьел къавмазда Аллагьас (**عز وجل**) жидее хIакъаблъун гьабураб гьалаглъи ва гIазабги рештIана, гьел гьелда божун рукIинчIеб ва гьеб махсараде гьабулеб букIараб.**

**42. Мун махсароде гьавулел мушриказда дуца абе МухIаммад: «Жив гурхIулев Аллагьас (** عز وجل**) релъедалниги, къадниги нужеда гIазаб рештIизабиялдаса нуж цIунарав чи щив вугев?» - абун. Гьел руго жидеда Аллагь (**عز وجل**) лъаларел, гьесул каламалъул вагIза босуларел, гьесул аятаздаса ва гIаламатаздаса мугъ бан чIараб къавм.**

**43. Гьезул дун гурев цоги алагьзабийищ ругел, дир гIазабалдаса гьел цIунулел ва квер бакъи гьабулел? Гьезул алагьзаби руго жидерго напсазе щибго лъикIлъи гьабизе кIоларел ва жидер напсал дир гIазабалдаса хвасар гьаризе кIоларел.**

**44. Дица гьал инкарчагIиги, гьезул умумулги лъикIаб магIишат-яшав кьун дунялалда лазат - рахIаталда тедал, гьедин жидер гIумруги унеб бугелъул**, гьезда ракIалда ккана гьаб дунял тIаса унареб жо бугин, жидер бечелъи - ханлъиги даимаб бугин абун ва дунялалъ гуккун, Аллагь (عز وجل) кIочон, гIамал кIодолъиялда хьвадана. **Гьазда кин бихьуларе дица дир аварагасе ва муъминзабазе квербакъиги гьабун гьезда сверухъ ругел мушрикал ва капурал гIадамазул ракьал исламияб диналъул ракьаллъун гьарулел рукIин. Гьал Маккаялъул мушрикал бергьунелишха ругел Аллагьасул (** عز وجل**) хIукму-къадаралдаса?** ГьечIо гьел бергьулел, гьел цIакъго гIодорегIан гьаризе руго ва мутIигI гьаризе руго.




**45. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Дица нужее хIинкъи кьолеб буго Аллагьас (**عز وجل**) дида вахIю гьабураб жоялдалъун.** Дун вуго Аллагьасул рисалат нужехъе щвезабулев гьесул расул. **Амма гьел мушриказда жидеда бицунеб хIакъаб жо рагIулеб гьечIо, гIинкъав чиясда ахIараб гьаркь рагIуларе гIадин.**

**46. Гьел мушриказе жиндалъун хIинкъи кьолеб Аллагьасул гIазабалдаса цо гьитIинабго жо гьезда хъвалебани, гьел ахIдезе рукIана: «Вай нижее бугеб къварилъи! Ниж напсазе зулму гьабулел рукIун ругоха Аллагьасул авараг гьереси гьавун, гьесие къварилъи гьабун» - абун.**

**47. Дица къиямасеб къоялъ цIакъ ритIарал цIадираби лъезе руго гIадамазул гIамалал цIазе. Цинги цохIо напсалъе щибго зулмуги гьабизе**

**гьечIо.** ЛъикIлъи дагь гьабун яги квешлъи цIикIинабун. **ЦохIо хардалалъул мугь гIадаб жо бугониги гьев инсанасул гIамал, гьеб гIамал дида цебе бачIине буго.** Малаикзабаца гIамал хъвалел даптаразда хъван букIине буго гьеб. **Гьеб къоялъ цохIо дун гIезе вуго кинабниги халкъалъул хIисаб гьабизе.** Дие гьеб шибго захIматаб жо гьечIо ва дица щивасул гIамалалда рекъараб жаза гьабизе буго.

**48. ХIакълъунго, дица Муса ва Гьарун аварагасе (гIв) Таврат кьуна, жинца хIалалаб ва хIарамаб жо, гьединго хIакъаб ва батIулаб жо батIа гьабулеб. хIакъаб нух бихьизабулеб нурлъун бугеб, Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарал гIадамазе вагIзалъунги бугеб.**

**49. Гьезда бихьичIеб жоялда божун Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал ва гьесдаса хIинкъулел руго гьел муъминзаби. Ахираталъул гIазабалдасаги гьел хIинкъун рукIула.**

**50. Гьаб жиндилъ баракат бугеб хирияб Къуръанги буго дица нужер мацIалда жиб рештIинабураб. Гьалдаги инкаришха нужеца кколеб, я гьал гIарабал?**

**5I. Валлагьи, дица Ибрагьим (гIв) аварагасеги кьуна гьев гьитIинав вугеб мехалъго диналъул ва дунялалъул маслахIаталда гьев вачунеб тIоритIел ва гIакъло. Дида лъалеб букIана Ибрагьим (гIв) хира гьавизе ва жиндихъе рисалат кьезе мустахIикъав вукIин.**

**52. Ибрагьим аварагас жиндир инсуда ва къавмалда абуна: «Гьал хъанчал щал жал ругел нужеца жидее гIибадат гьабулел?» - абун.**


**53. Мушриказ абуна: «Нижеда умумул ратана гьезие гIибадат гьабулел.** Гьезда нахърилълъун нижецаги гьабулеб буго гьезие гIибадат» - абун.

**54. Ибарагьимица абуна: «БичасхIаги, нужги нужер умумулги баянабго къосиналда жанир руго» - абун.**

**55. Къавмалъ Ибрагьимида (гIв) абуна: «Мун хIакъаб жо босун вачIун, гьеб бицуневищ вугев, яги мун гьадинго махсароде жо бицуневищ вугев?» - абун.**

**56. Ибрагьимица абуна: «**ГьечIо дун махсараде жо бицунев. **Нужеца гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан гьал зобал - ракъазул БетIергьан вуго, жинца гьел рижарав ва гьезул тадбир гьабулев. Дунги вуго гьеб ишалъе нужее нугIлъи гьабулев.** Гьелъие мухIканал хIужжабиги руго, жал нахъчIвазе кIоларел далилалги руго.

**57. Ва, Таллагьи, дица нужер хъанчазе цо макро ва зарал гьабичIого теларо, нуж гьезда аскIоса нахъе аралго.** Гьеб къавмалъул лъагIалида жаниб цо нухалъ гьел данделъулеб гIид (праздник) букIана. Азарица Ибрагьимида абуна: «Мунги вачIа нижгун цадахъ нижер гIидалда, цинги бокьизе буго дуе нижер дин»-абун. Ибрагьим (гIв) авараг гьелгун цадахъ къватIиве вахъана ва нухда унаго цо бакIалда ракьалда вегун чIана: жиндир бох унтулеб бугин, вилъине кIолеб гьечIин»-абун. Къавмалъ гьев гьеб бакIалда тана ва жал церехун ана. Гьезда хадув валагьун Ибрагьимица абуна: «Таллагьи, дица нужер хъанчазе цо макро гьабичIого теларо»-абун. Цинги гьев нахъвуссун росулъе ана ва цо кIудияб гIаштIиги босун гьезул хъанчал хвезаризе жувана.




**58.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: **«Жинца гьел хъанчал рекизарун кескал ва къотIелал гьарун гIодоре рана, цо бищунго кIудияб хъанч хутIизегIан.** Гьеб хъанч хвезабичIого тана ва гьелъул габуралда тIад жинца хъанчал хвезарураб гIаштIиги лъуна: къавм тIад буссун бачIараб мехалъ гьезда дагIба-къец гьабизе ва гьел махсараде гьаризе. Къавмалъ **гьеб кIудияб хъанчалда гьикъизе лъица цогидал хъанчал хвезарурал абун.** Цинги гьелъ щибго жо бицичIеб мехалъ гьезда лъазе гьел хъанчал гIажизал рукIин жалго цIунизе, гьединал алагьаз жидее щибго кумек гьабулареблъиги лъазе.

**59. Къавм тIад буссун бачIараб мехалъ ва жидер хъанчал рекун, гъурун гIодоре ран ратараб мехалъ, гьез абуна: нижер алагьзабазе гьаб жо гьабурав чи жидеца зулму гьабулел чагIаздаса вуго - абун.**

**60. Къавмалъул цояз абуна: «Нижеда цо гIолохъанав вас рагIун вукIана жинца нилъер алагьзабада квешаб рагIи абулев. Гьев васасда цIар Ибрагьим буго» - абун.**

**6I. Къавмалъул цогидаз абуна: «Нуж рачIа гьев Ибрагьимги вачун гьал гIадамазда цере. Гьев киназдаго вихьизе ва гьесие гьабулеб гIазабги бихьизе – абув.**

**62. Ибрагьим (гIв) вачун вачIараб мехалъ Намрудил къавмалъ абуна: «Мунищ вугев я Ибрагьим, нижер алагьзабазе гьаб жо гьабурав чи?» - абун.**

**63. Ибрагьимица абуна: «Гьеб жо дица гьабичIо, гьеб гьабуна гьале гьаб кIудияб алагьалъ» - абун.** Гьеб кIудиялъул ццим бахъана нужеца гIисиназеги лагьлъи гьабулеб бугин абун ва гьелъ киналго гъурун гIодоре рана. **Нуж дида божулел ратичIони нужеца гьел алагьзабада гьикьеха лъица жал хвезарурал абун гьел кIалъалел ратани** ва гьез нужее жавабги кьолеб батани.

**64. Цинги Намрудги гьесул къавмги жидерго напсазде руссана, гьез жидер ишалъул пикруги гьабун, абуна: «Нуж руго нужеего зулму гьабурал: нужеца лагьлъи гьабун бугелъул кIалъазе кIоларел, жалго жидеда цIунизеги кIоларел алагьзабазе» - абун.**

**65. Хадурги гьел жидер пикру-гIакълуялдаса руссана ва жидерго гIамал кIодолъи ва чIухIиялда ана. Гьел Ибаргьимиде руссана ва ццим бахъун гаргадана: «бичасхIаги, дуда лъалагурищ гьал алагьзаби жал кIалъаларел рукIин?** Дуца щай нижги нижер алагьзабиги махсароде гьарулел?» - абун.

**66. Ибрагьимица (гIв) абуна: «Гьедин бугони жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагьги (عز وجل) живго тун, нужее щибго мунпагIат гьабулареб, яги зарал гьабулареб жоялъе гIибадат щайха гьабулеб?**

**67. КъабихIлъи ва хIакъирлъи буго нужееги ва нужеца Аллагь тун жидее гIибадат гьабурал алагьзабазеги. Гьеб жо кин нужеда бичIчIулареб?**

**68. Гьеб къавмалъ цояз цогидаздехун абуна: «Нужеца гьев Ибрагьим цIадаве рехун вухIе ва гьедин рецIел босе ва квер бакъе нужер алагьзабазе, нуж рецIел босулеллъун ратани» - абун.**


**69.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Дица гьеб цIаялда абуна: «Я цIа! Мун цIорораблъун букIа Ибарагьимие (гIв) ва гьесие зарал гьечIеблъунги букIаян» - абун.**

**70. Гьезие бокьун букIана Ибрагьим аварагасе цIаялъ вухIун зулму гьабизе, амма Аллагьас (عز وجل) гьезул мурад тIабазе течIо ва гьелги цIакъ чIорого хутIараллъун ккана.**

**7I. Дица гьев Ибарагьимги, гьесул вацасул вас ЛутIги хвасар гьаруна купру-ширк гьабулеб къавмалъул зулмуялдаса ва дица гьел жиндилъ баракат бугеб Шамалъул ракьалде рачана.** Гьеб Шам букIана аварагзабаца жинда гьижра гьабулеб ракь. Шамалъул бищунго лъикIаб букIана Палестиназул ракь: Жинда тIад байтулмукъадас масжид бугеб. Гьеб Шамалъул ракьалда махIшаралъул ракьиланги абула.

**72. Дица гьев Ибрагьим (гIв) аварагасе сайгьат гьавуна ИсхIакъ абулев вас, гьесда тIадеги ЯгIкъубги кьуна ИсхIакъил васлъун жив вугев. Дица гьел киналго лъикIаб агьлолъун гьаруна.** Аварагзабилъун гьаруна, жидеца исламияб диналда халкъ ахIулел.

**73. Дица гьел гIадамазе имамзабилъун ва гьезул церехъабилъун гьаруна, дир амруялдалъун жидеца халкъ хIакъаб диналда тIоритIулел. Дица гьезда кинабго лъикIаб гIамалги вахIю гьабуна. Как бай абун, закат кье абунги амру гьабуна. Гьел киналго дие гIибадат гьабулелги рукIана.**



**74. Дица ЛутIиеги (гIв) гIелму ва хIикмат кьуна. Гьесие авараглъиги кьуна ва гIадамал диналда ахIизе пагьмо-гIакълоги кьуна. Гьесул дагIват къабул гьабичIеб пасикъаб къавмалъул росабазда гIазаб рештIунеб мехалъ дица гьев хвасар гьавуна. ЦIакъ квешаб къавм букIана гьеб, цониги къавмалъго гьабичIеб къабихIаб пиша гьабурал.** Бихьиназда жимагI гьабулел, руччабазда аскIор къаларел рукIана.

**75. Дица гьев ЛутI (гIв) дир рахIматалъулъ лъугьинавуна. Гьев вукIана жидеца дие тIагIат-гIибадат бацIцIад гьабурал лагъзадеридаса.**

**76. Гьал аварагзабадаса гIезегIанго цеве вукIарав НухIил (гIв) къисаги ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ дуца.** Азарго сон гIагарун заманаялъ жиндир къавм Аллагъ (عز وجل) цо гьавун, гьесие гIибадат гьабиялда ахIараб мехалъ ва гьезул цIакъ дагьал гIадамаз гурони жиндир дагIват къабул гьабичIеб мехалъ; **гьев НухIица Аллагьасда (عز وجل) гьарана жиндир къавм гьалаг гьабе абун: Дица гьев НухI аварагасул дугIаялъе жаваб гьабуна ва дица гьевги гьесда иман лъураб агьлоги хвасар гьаруна капурзабада тIаде биччараб балагьалдаса, ва кутакаб пашманлъиялдаса.**

**77. Дица НухI аварагасе квербакъи гьабун капураб къавмалъул квешлъиялдаса гьев цIунана. ЦIакъ квешаб къавм букIана гьеб. Дица гьел киналго гъанкъизаруна.**


**78. Давуд ва Сулайман аварагасул къисаги ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ дуца. Гьев кIиясго хуралъул бетIергьабазе хIукму гьабураб гIуж ракIалда щвезабе: цо къавмалъул гIиял гьеб хурире ун гьез гьеб хвезбураб гIужалъ. Дида лъалеб букIана гьев кIиясго гьабулеб хIукму ва дун гьелдаса гъапулав вукIинчIо.**

**79. Дица гьеб хIукму битIун гьабизе гIелму ва пагьму кьуна Сулаймание (гIв). Давудги Сулайманги кIиявго авараг вукIана ва дица жидее гIелмуги гIакълоги кьурал лъикIал гIадамаздаса рукIана. Дица Давуд (гIв) аварггун цадахъ жидеца тасбихI гьабулеллъун гьаруна мугIрулги, хIанчIиги ва дун дие бокьараб жо бокьухъин гьабизе кIолев вуго.**

ХIасанул Басрияс абуна: ТIадегIанав Аллагьас жидеца хIукму гьабулел гIадамазе ажро букIиналъе лъабго шартI гьабун буго:

**<u>ТIоцебесеб</u>** шартI буго: гьеб хIукму гьабулеб гIужалъ цохIо Аллагьасдаса гуро хIинкъун гутIи ва гьев разилъи тIалаб гьабун хIукму гьаби.

**<u>КIиабилеб</u>** шартI буго: гьеб хIукму дунялалъул боцIи тIалаб гьабун, гьелъие гIоло гьабунгутIи: ай шаргIалда хилипаб хIукму гьабунгутIи дунялалъул магIишат жиндие щвей мурадалда.




**<u>ЛъабабилеБ</u>** шартI буго: гьеб хIукму жиндир напсалъе бокьухъин жиндирго гIакълуялда нахъвилъилъун гьабун гутIи.

**80. Дица Давуд (гIв) аварагасда тIад ретIулеб ретIел гьабизеги лъазабуна рагъда ругеб мехалъ нужер черх цIунулеб. Гьал нигIматал Аллагьас нужее кьураб мехалъ гьезда данде Аллагьасе (عز وجل) шукру гьабиларищ нужеца ва** гьев разилъи тIалаб гьабун гьесие гIибадат бацIцIад гьабун хьвадиларищ?

**8I. Давудил вас Сулайман аварагасе** мугIжизатлъун ва гьесие маслахIаталъе **дица гьури квегъана, жиб кутакалда хех пулеб ва гьев Сулайманил (гIв) амруялдалъун гьесие бокьараб бакIалда жиб хьвадулеб. Жиндилъ баракат гьабураб Шамалъул ракьалда жинца ахал-хурзал рижиялъе сабабги гьабулеб. Дица гьабулеб кинабго жо гьелъул хIикмат лъан гьабулев ва дир махлукъаталъул маслахIатал дида лъалевги вуго Дун.**

**82. ШайтIабаздаса цо къокъаги квегъана дица Сулаймание (гIв), гьесие жавгьарал ва луълуал балагьизе ралъдалъ жанир тIерхьулел ва гьел гурел цогиги хIалтIаби Сулаймание (гIв) гьарулел.** Гьел шайтIабаца кIудиял шагьарал ва берцинал кIалгIаби ралел рукIана**. Ва дица гьел шайтIаби Сулаймание мутIигIлъун чIезаруна.**

**83. Аюб аварагасул къисаги ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ. Гьев жиндир БетIаргьанасда ахIараб гIуж рехсе, гьесие хIелун ва мутIигIлъун: «Дида къварилъи хъатIун буго Аллагь (** عز وجل**). Мун цIакъ гурхIулев вуго,** дур гурхIел- рахIмуялда буго дир хьул ва божи» - абун.

**84. Дица Аюб (гIв) аварагасул дугIаялъе жаваб гьабуна ва гьесда букIараб унти тIаса босана. Ва дица гьесие агьло - хъизан кьуна ццере рукIарабгIан къадар, гьелгун цадахъ цоги гьедигIанабго къадарги кьуна. Гьеб иш дица гьабуна дир рахъалъан Аюбие (гIв) бугеб рахIматлъун ва Аллагь (**عز وجل**) цо гьавурал муъминзабазе вагIзалъун букIине. Гьез** къварилъиялда саброги гьабизе.


**85. ИсмагIил аварагасул, Идрис аварагасул ва Зулкифлил къисаги бице МухIаммад ﷺ дуца, дур къавмалъе вагIзалъун. Гьел киналго жидеца Аллагьасе гIибадат гьабиялъулъ сабро гьабурал лъикIал гIадамаздаса рукIана.**

**86. Дица гьел киналго дир рахIматалъулъ лъугьизаруна.** Хира гьариялъул ва нигIматазул рукълъун бугеб алжаналда лъугьизаруна. **Гьел рукIана гурхIел - цIобалъул ва лъикIлъи гьабиялъул агьлу.**

**87. Зун-нунил къисаги ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ дуца. Гьев Зун-нуни (гIв) жиндир къавмалда ццим бахъун гьезда гьоркьосан нахъе араб гIуж рехсе.** Гьев вуго Юнус авараг. Гьес къавм Аллагь (عز وجل) цо гьавиялда ахIараб мехалъ гьез Юнусие (гIв) гIазаб - къварилъи гьабилин абун хIинкъи кьуна. Гьеб къавмалъ Аллагьасул дин босулеб гьечIин, Аллагьасул (عز وجل) дин сабаблъун гьезда ццим бахъун ана Юнус гьезда гьоркьосан. **Гьев Юнусида ракIалда ккана дица жиндие къварилъи ва хIал бихьи гьабиларин абун. Цинги жив цIакъ кIудиял бецIлъабазулъ ккараб мехалъ:** Сардил бецIлъи, ралъадалъул бецIлъи ва ччугIил чохьониб бугеб бецIлъи, **Юнус (гIв) аварагас Аллагьасда ахIи гьабуна: «Мун гурев цоги Аллагь (**عز وجل**) гьечIо я дир БетIергьан! Мун цIакъ вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго. Дун дир напсалъе зулму гьабуравлъун ккана» - абун.** Гьаб буго жидее пашманлъи-къварилъи ккарал гIадамаз гIемер абизе рекъарб рагIи.

**88. Дица гьев Юнус (гIв) аварагасе жаваб гьабуна ва гьев ургъалидаса хвасарги гьавуна.** ЧчугIил чохьониса къватIив рехун ралъдал рагIалде рехана. Гьенивги жиндие дарулъун ва рагIадлъун бугеб хъабхъил тIанхазда гъоркье ккезавуна. **Гьадин хвасар гьарула дица дида иман лъурал ва дидаса кумек ва квербакъи тIалаб гьабурал муъминзаби.**

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Юнус аварагасул къиса цоги сураталда дагьаб гIатIидго бицун буго(сурату ссафати, сурату нун).




Жинда Аллагь разилъаяв СагIдобну Абу Вакъасидаса бицараб хIадисалда буго: *«Дида бичасул расулас абулеб рагIана: «Исмуллагьил агIзам» (Аллагьасул кIудияб цIар) буго Юнус аварагасул дугIа: жиндалъун гьарараб жо кьолеб ва жиндалъун гьабураб дугIаялъе жаваб гьабулеб»*-абун.

**89. Закарья аварагасул къисаги рехсе МухIаммад ﷺ дуца умматалъе вагIзалъун. Гьев Закаряца (** عز وجل**) жиндир БетIергьанасда ахIараб гIуж рехсе: «Я дир БетIергьан Аллагь (**عز وجل**)! Дуца дун зурият гьечIого цогоявлъун тоге».** Дир авараглъи ирсалъе босулев вас кье дие. **Жидеца ирс босулезул мун бищунго лъикIав вуго.** Ва кинабго жо ахирги дуде буссине буго. Гьаб дугIа гьабулеб мехалъ Закарьял нусго сон букIана, гьесул чIужуялъулги гьелда гIагарун сонал рукIана.

**90. Дица гьев Закарьял (гIв) дугIаялъе жаваб гьабуна ва гьесие дир рахъалъан сайгьатлъун ЯхIя авараг кьуна. Дица Закарьял чIужуги жинца лъимер гьабулейлъун гьаюна.** Гьей жегиги лъимер гьабичIей йикIана. ИбнугIаббасидаса бицараб цо рагIиялъулъ буго: «Гьей жиндир мацI халатай, гIамал квешай йикIана, гьелдасан хадуй жиндир гIамал берцинай лъугьана»-абун.

**Дица жидер дугIаялъе жаваб гьабурал аварагзаби рукIана Дир амру тIубазе ва лъикIаб гIамал гьабизе жал гIедегIулел. Дир алжаналда хьул лъун ва дир гIазабалдаса хIинкIун гIибадат-дугIаги гьабулеб букIана, гьал аварагзаби жидер загьираб ва батIинаб гIамалалъулъ дие хIелулел, мутIигIлъулел ва дидаса хIинкъулел рукIана.**

**9I. Гьединго дуца рехсе МухIаммад ﷺ жинца напс къабихIаб жоялдаса цIунарай Маръямил къисаги. Дица амру гьабун Жабраил малаикас жиндир черхалда хIухьел пурай ва гьелдалъун къинай лъугьун ГIиса авараг гьавурай. Дица гьей Марьямги, гьелъул вас ГIисаги (гIв) кинабниги гIаламалъе гIаламатлъун гьаруна, жинца дир хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулеб ва гьелдалъун вагIза насихIатги букIунеб.**

**92. Гьаб Аллагь цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун гьабулеб дин буго, я гьал гIадамал, нуж киназулго цогояб дин. Дунги нуж киназулго БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго.**


**93. Ва амма гIадамал дир амруялда гIасилъана, ва жидер диналъулъ гIемер батIи-батIиял къукъабазда рикьана. Гьел киналго къокъаби ахираталда дида руссулел руго ва дица щивав чиясе гьесул гIамалалда рекъараб жазаги гьабизе буго.**

**94. Аллагьада иман лъун, гьесул аварагасда нахъ вилъун лъикIаб гIамал гьабурасул гIамал гIадада хвезе гьечIо ва гьеб лъикIаб гIамалалъул жаза гьесие мукъсан гьабизе гьечIо. Гьесул кинабго гIамал дир малаикзабаз хъвалеб буго ва нахъе цIунулеб буго.**

**95. Дица жал гьалаг гьарурал росабазул агьло дунялалда тIад руссунаро къиямасеб къо чIезегIан.** Хун хадуб гьел ахираталда гурого тIаде рахъизаруларо.

**96. Яъжуж маъжужалда гьоркьоб гьабураб сангар рагьун гьеб къавм щибаб гохI-щобалдаса чвахун рачIунеб мехалъ.** Жидер гIемерлъиялъ гьел чвахун бачIунеб гIоралъул сураталда рачIула, майданлъи, эхеде регIел бугеб бакIалдаги цоял цоязда тIаде рахун, цояз цоял мерхьун церехун унел рукIула, жидер нухда батанщинаб жо пасат гьабулаго. Гьел араб ракьалда тIад щибго рухI бугеб жо яги гъветI-хер хутIуларо. Гьаб къавм къватIибе бахъиги къиямасеб къо цIакъго гIагарлъун букIиналъе гIаламат буго. Гьедин бугелъул ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

**97. Къиямасеб къо чIеялдалъун бугеб хIакъаб къотIиги гIагарлъараб мехалъ.** Жинда Аллагь разилъаяв ИбнумасгIудица абуна: яъжуж маъжуж загьирлъун хадуб къиямасеб къо бачIин гIадамазда гIагарлъун букIуна лъимер гьабизе мех щварай чIужуялъул мисалалда. Щибаб лахIзаталъ гьеб лъимер гьабиялъе унти чIвазе бегьулеб гIадин, къиямасеб къо чIейги гьеб мехалъ релъедалги къадги жиб тIаде бачIиналда божи гьечIеб букIуна.




**Гьеб къиямасеб къо бачIараб мех буго жинца капурзабазул берал гIарчIихинарулеб заман.** Рагьараб бер данде бачизе кIоларого, гьеб добе- гьаниб буссинабизе кIоларого жал хутIулеб. Гьел капурзабацаги абула: **«Вай нижее бугеб къварилъи! Ниж гьаб къо бачIиналда божуларел, гьелдаса гъапулал ва гьелда дандчIвай гьабизе хIадуричIел рукIан»**-абуна. Нижехъе авараг вачIараб мехалъ, гьес нижее гьаб къоялдалъун хIинкъиги кьураб мехалъ, ниж гьесда гIенеккичIо. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьеб капураб къавмалда хитIаб гьабун абулеб буго:

**98. Нужги, нужеца жидее лагълъи гьабулел хъанчалги жидедалъун жужахI боркьулеб цIул гIадин руго ва нуж киналго гьенир жанир рехизе руго.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьал мушрикалги хъанчалги цадахъ рехсеялъул мурад буго гьез алагьзабилъун ккурал хъанчал щибго гьунар гьечIел жал рукIин баян гьаби.

**99. Гьел хъанчал алагьзаби рукIаралани жужахIалда жанир рукIинароан. Жидее лагълъи гьабурал ва жидеца лагълъи гьабуралги киналго цадахъ даимго рукIинелъун жужахIалда лъугьизарула.**

**I00. Гьеб жужахIалда жаниб квешаб, ракI унтун зигардулеб гьаракьги букIине буго ва гьезда гьениб жаниб цоги щибго жо ргIуларо.**

**I0I. Жидее дир рахъалъан алжаналъул рохел бицарал муъминзаби гьеб жужахIалдасан рикIкIад гьарурал руго.** Гьезда жужахIалъул бухIи хъваларо, гьелъул квешаб махIги чIваларо.

**I02. Жидеда цIаялъул гьелегьинги, гьелъул гьаракьги ргIуларо ва гьел муъминзаби алжаналда жанир жидеего бокьараб нигIматазулъ рукIуна.**

**I03. Гьеб къиямасеб къоялъ кIудияб хIинкъиялъ гьел пашман гьаруларо,** гьезде гьеб хIинкъи бачIуларо. **Алжаналъул ргьабазда гьезда малаикзабаз дандчIвай гьабула ва гьезда абула: «Гьаб буго Аллагьас нужее къотIи гьабун букIараб, нуж даимго рукIинелъун алжаналда лъугьинарулеб къо»-абун.**

**I04. Дуца ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ, дица зобал сукIулеб гIуж, жинда хъвараб жоялда тIад кагъат сукIулеб хIалалъ.** ГьедигIан бигьаго сукIула дица зобал абураб магIна буго гьаб ргIиялъул. **Дица нуж къиямасеб къоялъ тIаде рахъизарула нуж рижизе байбихьараб мехалъ рукIараб хIалалъ.** ТIаде ретIел гьечIого, хIатIида гIицIго ссунат гьабичIеллъун. **Гьаб буго дица дидаго тIад гьабураб къотIи ва дица гьеб къотIи тIубазабула**.

**I05. Дица Забуралда хъван буго, гьелдасаги цебе ЛавхIулмахIпузалда хъван бугеб хIалалъ: «дица алжан ирсалъе кьезе буго дун цо гьавун дир аварагзаби ритIухъ гьарун хьвадарал муъминзабазе»-абун.**

**I06. Гьаб сураталда жаниб бицараб аварагзабузул къисабазулъ, къиямасеб къоялъул хабаралъулъ ва алжан-жужахIалъул хабаралъулъги вагIза буго, ва гIибрат босизе, кантIизе гIураб тIоритIелги буго Аллагьасда иман лъурал, гьесие мутIигIлъун гьесул аварагзабазда нахърилъулъун гIибадат гьабулел гIадамазе.**

**I07. Дица мун витIун гьечIо МухIаммад ﷺ, кинабго гIаламалъе рахIматлъун гурони.** ГIадамазеги, жундузеги, бусурбабазеги, капурзабазеги, дунялалдаги ахираталдаги, рахIматлъун вуго хирияв МухIаммад ﷺ авараг.

**I08. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ: «Дида Аллагьас вахIю гьабун буго жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагь цохIо Аллагь вуго»-абун.** Гьесие гIахьалчагIи гьечIо. Нужеца гIибадат гьабулел хъанчалги гьересиял алагьзаби руго. **Нужеца гьев Аллагьасда иман лъеларищ ва нуж гьесул амруялъе мутIигIлъуларищ?**

**I09. Цинги гьел мушрикал Аллагь (عز وجل) цо гьавиялдаса руссани ва дуе мутIигIлъичIони, дуца гьезда абе: дица нужеда хIакъаб жо лъазабуна киназдаго гIам гьабун. Аллагьас (عز وجل) нужее гIазаб гьаби ва къиямасеб къо бачIин гIагардайщ бугеб яги рикIкIадищ бугеб дида лъалароян-абун.**


**II0. Гьев Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго нужеца загьир гьабун бицулеб хабарги ва нужеца балъго, нужедаго гьоркьоб бицулеб хабарги.**

**III. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нуж гIазаб гьабичIого тей нужер хIалбихьи батизе бегьула ва нуж купру-ширкалъулъ халат гьарун, гьелда данде нужее гIазаб цIикIкIиналъеги батила. Нужее гIазаб гьабизе къадар гьабураб гIуж щвезегIан бугеб рахIат ва нигIмат буго гьаб дунялалъул чIаголъи.**

**II2. Аварагас ﷺ абуна: «Я нижер БетIергьан! Дуца гьаб купру-ширкалъул къавмалда гьоркьобги ниж муъинзабазда гьоркьобги битIараб, гIадилаб хIукму гьабе. Нижер гурхIел цIоб кIудияв БетIергьан нижее квербакъи гьабулев вуго нужер купру-ширкалда данде ва нужер гьересиял алагьзабазде дандеги.** Нижер таваккал тIами гьев БетIергьан Аллагьасда буго, кинабго квер бакъи ва бергьанлъиги гьев Аллагьасдаса (**عز وجل**) буго»-абун.

**Суратул ХIажи**

Мадинаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила микьго аят бугеб.




**I. Я гьал гIадамал! Нуж БетIергьан Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа!** Нуж гьев Аллагьасе мутIигIлъе! Гьесул амру-нагью тIубазабе, шаргIалъул гIорхъабиги цIуне. Аллагьасдаса хIинкъа абураб рагIиялъе магIна гьабуна: «Аллагьас гьабе абураб жо гьабичIого тоге ва Аллагьас (عز وجل) гьабугеян абураб жоги гьабуге»- ян абураб. **ХIакълъунго къиямасеб къо чIелелде ццебе букIунеб ракь багъари цIакъ кIудияб амру буго ва жиндир бицине лъаларе хIинкъи-къварилъиги буго.**

**2. Гьеб ракь багъари бихьараб мехалъ ва гьелъул хIинкъиги тIаде щвараб мехалъ, каранда лъимер хахулей эбелалъе гьеб лъимер кIочон тола.**


Бищунго дунялалда тIад хирияб жо буго эбелалъе жиндир каранда хахулеб лъимер. Гьеб лъимерги кIочон гьелда кIалдисан керенги бахъун, эбел жиндир напсалъ машгъул гьаюлеб амру цIакъ кIудияб иш букIинаришха. **Ва шибай къинай чIужуялъ жиндир чохьониб бугеб, жиб гьабизе мех щвечIеб лъимерги гIодобе рехулеб къо буго гьеб. Гьеб къоялъ дуда гIадамал рихьизе руго жал мехтун ругел гIадин** гIакъло гьечIого, черх кквезе кIоларого. **Гьел мехтун рукIунаро.** Гьел рукIула хIинкъиялъул гучалъ гIакъло инзабун**. Гьеб буго Аллагьасул гIазаб гучаб букIиналъул гIаламат.** Жидеда тIаде гIазаб щолеб букIин лъараб мехалъ рукIуна гIадамал гьединаб хIинкъиялъулъ ва чара тIагIиналъулъ.

**3. ГIадамазда гьоркьор цо чагIи руго жидер щибго гIелму ва хIужжа гьечIого Аллагьасда (**عز وجل**) гIайиб чIван кIалъалел ва бищунго Аллагьасда гIасилъарал шайтIабазда нахърилъларал.**

**4. Гьеб шайтIаналъе къадар гьабураб Аллагьасул хIукмуги буго: гьелда нахъвилълъарав чи гьелъ хIакъаб диналдаса къосизавизе вугин ва гьев ахираталда жужахIалъул гIазабалдаги тIовитIизе вугин абун.**

Ас-садию абулев гIалимас абуна: гьаб кIиго аят рештIинабуна Назар бину ХIарис абулев чиясул хIакъалъулъ. Гьав Къурайшиязул инжитал гIадамазул бищунго инжитас абуна: «Дида бице нужер Аллагь (عز وجل) сундул гьавурав вугев, меседилищ, гIарцулищ, тIохьидулищ?»-абун. Цинги зобалазул гъугъай бахъана ва гьев Назарил бетIералъул шурун (череп) гьесда цебе гIодобе бортана»-абун. Гьав Назарица абулеб букIана малаикзаби Аллагьасул ясал ругин абунги, Къуръан цересел умматазул гьересиял къисаби ругин абунги, хун хадур тIаде рахъинариги букIизе гьечIин абун.

**5. Я гьал гIадамал! Нуж къиямасеб къо букIиналда ва хун хадур тIаде рахъизариялдаги шакдарулел ратани.** Гьеб дир жинда хIал кIолареб жо буго абун нужеда ракIалдеги кколеб батани нужеца пикру гьабе: **Дица нуж рижана ракьалдаса.** Нужер эмен Адам ракьалдаса вижун. **Цинги манидал къатIраялдаса рижана, цинги бидул гороялдаса, цинги цо кIалдиб лъолеб жо гIадаб гьанал къотIелалдаса рижана: гьеб гьанал къотIел жиндие сурат гьечIеб букIун, хадуб жиндир сурат бугеб гьабуна. Гьадин дица нужер рижин къадар гьабуна дир хIал кIолъиялда тIоритIел гьабизе. Дица эбелалъул рахIмуялда жаниб** (тIончIорукъ) **дие бокьараб жо чIезабула жиндие къадар гьабураб заман щвезегIан. Цинги дица нуж рахIмуялдаса къватIире рахъизарула гьатIинаб лъимерлъун. Гьедин нужер гIакъло ва черх камиллъула ва гучлъула. Нужедаса цоял гьитIинго ва гIолохъанго хвезарула, цогидал херлъун, загIиплъун лъугьизегIан чIаго тола. Гьединго дуда бихьулеб буго,** Я гьав Аллагьасул хIалкIолъиялда шаклъулев инсан, **бакъвараб, жинда тIад шибго жо гьечIеб ракь. Гьеб ракьалда тIад дица цIад базабураб мехалъ жиб цIилъун, багъарун лъугьулеб буго, жиб берцинаб хур хералдалъун цIолеб буго ва бечелъулеб буго.**


الجزء السابع عشر سورة الحج
ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلْحَقُّ وَأَنَّهُۥ يُحْىِ ٱلْمَوْتَىٰ وَأَنَّهُۥ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ
قَدِيرٌ ﴿٦﴾ وَأَنَّ ٱلسَّاعَةَ ءَاتِيَةٌ لَّا رَيْبَ فِيهَا وَأَنَّ ٱللَّهَ يَبْعَثُ مَن فِى
ٱلْقُبُورِ ﴿٧﴾ وَمِنَ ٱلنَّاسِ مَن يُجَٰدِلُ فِى ٱللَّهِ بِغَيْرِ عِلْمٍ وَلَا هُدًى
وَلَا كِتَٰبٍ مُّنِيرٍ ﴿٨﴾ ثَانِىَ عِطْفِهِۦ لِيُضِلَّ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ ۖ لَهُۥ فِى
ٱلدُّنْيَا خِزْىٌ ۖ وَنُذِيقُهُۥ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ عَذَابَ ٱلْحَرِيقِ ﴿٩﴾ ذَٰلِكَ
بِمَا قَدَّمَتْ يَدَاكَ وَأَنَّ ٱللَّهَ لَيْسَ بِظَلَّٰمٍ لِّلْعَبِيدِ ﴿١٠﴾ وَمِنَ ٱلنَّاسِ
مَن يَعْبُدُ ٱللَّهَ عَلَىٰ حَرْفٍ ۖ فَإِنْ أَصَابَهُۥ خَيْرٌ ٱطْمَأَنَّ بِهِۦ ۖ وَإِنْ
أَصَابَتْهُ فِتْنَةٌ ٱنقَلَبَ عَلَىٰ وَجْهِهِۦ خَسِرَ ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةَ ۚ ذَٰلِكَ
هُوَ ٱلْخُسْرَانُ ٱلْمُبِينُ ﴿١١﴾ يَدْعُوا۟ مِن دُونِ ٱللَّهِ مَا لَا يَضُرُّهُۥ
وَمَا لَا يَنفَعُهُۥ ۚ ذَٰلِكَ هُوَ ٱلضَّلَٰلُ ٱلْبَعِيدُ ﴿١٢﴾ يَدْعُوا۟ لَمَن
ضَرُّهُۥٓ أَقْرَبُ مِن نَّفْعِهِۦ ۖ لَبِئْسَ ٱلْمَوْلَىٰ وَلَبِئْسَ ٱلْعَشِيرُ ﴿١٣﴾
إِنَّ ٱللَّهَ يُدْخِلُ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ وَعَمِلُوا۟ ٱلصَّٰلِحَٰتِ جَنَّٰتٍ
تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ يَفْعَلُ مَا يُرِيدُ ﴿١٤﴾ مَن كَانَ
يَظُنُّ أَن لَّن يَنصُرَهُ ٱللَّهُ فِى ٱلدُّنْيَا وَٱلْءَاخِرَةِ فَلْيَمْدُدْ بِسَبَبٍ إِلَى
ٱلسَّمَآءِ ثُمَّ لْيَقْطَعْ فَلْيَنظُرْ هَلْ يُذْهِبَنَّ كَيْدُهُۥ مَا يَغِيظُ ﴿١٥﴾
٣٣٣

**6. Гьаб цебе бицараб инсан вижиги, бакъвараб ракь чIаголъиги буго нужер БетIергьан Аллагь (** عز وجل**) жив цогояв, жиндир къудрат гуч бергьарав хан вукIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Гьев Аллагьасе хварал чIаго гьаризе кIвеялдаги, гьев кинабго жоялда хIал кIолев вукIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва хIужа-далил.**

**7. Гьединго гьелъ тIоритIел гьабула къиямасеб къо бачIинги жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб, жиб хIакъаб хIукму букIиналда ва хварал гIадамал тIаде рахъинарун Аллагьас (**عز وجل**) гьезул хIисаб-мизан ва жаза гьабизе букIиналдаги.**

**8.** Гьаб амру гьадин бугониги; **гIадамазда гьоркьор рукIунел руго жидер щибго гIелму-гIакълоги, хIужжа-далилги гьечIого, жидехъе рештIараб тIехьги, жал тIоритIулев авараги гьечIого, жидеца Аллагьасда (**عز وجل**) данде дагIбакъец гьабулел гIадамалги.**

**9. АхIмакъаб чIухIи гьабун,** хIакъаб жоялдаса габур-бетIер кьурун буссинабулев, гьелда инкар кколев. Гьеб гIамал жинца гьабулев **цогидал гIадамалги Аллагьасда иман лъеялдаса руссинеризе, гьел хIакъаб диналдаса къосинаризе. Гьадинав чиясе дунялалъул рукъобги гIодогIанлъи ва инжитлъи букIине буго. Ахираталда дица гьесда боркьараб жужахIалъул гIазаб чIамизабизе буго.**

**I0.** Гьев инжит гьавун гьесдехун абизе буго: **«Гьаб буго дуца дунялалда гьабураб гIамалалда дунде дуе бугеб жаза. ХIакълъунго, Аллагь (**عز وجل**) жинца лагъзадериеда зулму гьабулев гьечIо.**

**II. Гьел гIадамаздаса цо къокъа буго жидеца Аллагьасе лагълъи гьабулел цо рагIалда чIун.** ХIакъикъияб иман лъечIого, жив шакдарулевлъун вукIун. **Жиндие дунялалъул чIаголъиялъе лъикIлъи бугони:** сах-саламат вукIун, ризкъи гIатIидго букIун, **гьев Аллагьасул (**عز وجل**) диналда разилъун, гьелда хIалхьолев вуго. Жинда цо къварилъи- балагь** щвани ва цо бокьулареб иш тIаде бачIани, **гьев муртадлъун купруялда вуссунев вуго. Гьав вуго жиндир дунялги ахиратги гIадада хварав чи. Гьеб буго тIобарабго ва хIакъикъияб гIадада хвей.**

**I2. Гьел гIадамал руго Аллагь гуреб жоялъе гIибадат гьабулел, щибго лъикIлъи гьабизе кIоларел, яги зарал нахъе чIвазе кIоларел алагьзабазе лагълъи гьабулел. Гьабги буго жиб баянаб къосин.**


**I3. Гьев чияс гIибадат гьабула жиндие зарал гьабизе бегьулеб ва амма гьесие хайир гьаби цIакъ рикIкIадаб жоялъе. ЦIакъ квешаб жо бугоха гьеб хъанч гьав чияс гьудуллъун ва жиндие квер бакъулеблъун гьабураб, цIакъ квешаб гIагарлъи ва гьалмагълъи буго Аллагьасда (**عز وجل**) ширкги гьабун хъанчаздехун гьабулеб гIагарлъи ва гьалмагълъи!**

**I4. ХIакълъунго, Аллагьас (**عز وجل**) алжаналда жанир лъугьинарула жидеца Аллагьасда иман лъун, аварагасда нахърилъун лъикIаб гIамал гьабурал муъминзаби; жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназда жанире лъугьинарула. ХIакълъунго, Аллагь (**عز وجل**) жиндие бокьараб жо гьабулев вуго.**

**I5. ТIадегIанав Аллагьас (**عز وجل**) жиндир авараг МухIаммадие ﷺ дунялалдаги ахираталдаги квербакъи гьабиларин ракIалде ккун вугев чи жиндирго рукъалъул мокърукье кварги бухьун гьелда жаниб габурги лъун живго жинцаго гъанкъе абе! Цинги балагье абеха гьесул цIим бахъиялъги, гьев гъанкъун хвеялъги Аллагьасул (**عز وجل**) хIукмуялдаса щибго жо хисизабуладай абун.** Жиндир цIимги буссунадай абун.

Гьаб аяталъул магIна буго: ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндир аварагасе ва жиндир диналъе квербакъи гьабизе букIин хIакъаб жо буго, гьеб квербакъи гьаби рихарал капурзаби ва мушрикал цIим бахъун хванигиян-абураб.

Цо гIалимзабаца дагьаб батIияб тапсир гьабуна: жиндие къварилъи ккараб мехалъ Аллагьасдаса ( عز وجل) хьул къотIулев, гьес жиндие квербакъиларин ва къварилъи тIаса босуларин абун ракIалде кколев чи сабро гьабичIого хвайин абеха, цингиги щибго батIияб жо лъугьинаро ва Аллагьасул хIукму билъльанхъила. Гьадин бугелъул балагьазда сабро гьаби ва нигIматазда шукру гьаби буго инсанасул дунял ахираталъул ургъел- къварилъи тIаса иналъе сабаб.




**I6. Гьал церехун рицарал хIукмаби баян гьарун ругеб гIадин дица кинабго Къуръан рештIинабун буго жидеца тIоритIел гьаби ва хIужжа - далил бицин баянал аяталлъун. ТIадегIанав Аллагь (** عز وجل**) вуго жиндие бокьарав чи битIараб нухда ва хIакъаб диналда тIовитIулев.**

**I7. Жидеца Аллагь цо гьавун гьесда иман лъун хьвадарал гIадамалги; ягьудиялги, насраниялги, сабииналги** (жидеца цIвабзазе лагълъи гьабулел гIадамал) **мажусиял** (цIадуе лагълъи гьабулел гIадамал), **жидеца Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабулел гIадамалги: - гьал киназдаго гьоркьоб Аллагьас (**عز وجل**) хIукму гьабизе буго къиямасеб къоялъ.** ХIакълъунго **ТIадегIанав Аллагь кинабго жоялъке нугIлъун вуго.** жинда кинабго жо лъалев ва бихьулев вуго.

**I8. Дуда бихьуларищ я гьав инсан! ТIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) вукIин зобалаздаги ракьалдаги жаниб бугеб кинабго жоялъ жиндие сужда гьабулев ханлъун. Гьесие сужда гьабула бакъалъги, моцIалъги цIвабзазги, мугIрузги, гьветI-хералъги, рухIчIаголъиялъги. Гьев Аллагьасе (**عز وجل**) сужда гьабула гIадамазул ва жундзул гIемерал муъминзабацаги.** Гьал киназго сужда гьабула Аллагьасе хIелун, гьесул амруялда нахърилълъун гьесул къадро кIодолъи лъан. **ГIадамазул гIемериселги жидее Аллагьасул гIазаб хIакълъарал руго. Аллагьас жив гIодовегIан гьавурав чи хира гьавулев щивго чи вукIунаро. ТIадегIанав Аллагь (**عز وجل**) жиндие бокьараб хIукму гьабулев ва гьеб хIукму жинца тIубазабулев вуго.** Гьаб аят цIаларав мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.

**I9. Гьаб кIиго къокъа буго жал БетIергьанасул хIакъалъулъ къацандулел ругел.** Муъминзаби руго кидаго Аллагьасул (عز وجل) диналъе квербакъи бокьарал, гьелъул нур ва гуч цIикIкIизе бокьарал. Капурзаби руго кидаго диналде данде чIарал, гьеб хвезабизе, гьелъул нур свине бокьарал.

Жинда Аллагь разилъаяв Абузар абулев асхIабас, гьа гьедун абулеб букIана гьаб аят рештIинабунин Бадроялда рагъ бугеб къоялъ цо-цаде данде рагъизе рахъарал муъминзабазул ва капурзабазул хIакъалъулъ. Муъминзаби рукIана, жидеда Аллагь разилъаял ХIамзат асхIаб, ГIали асхIаб ва ГIубайдат асхIаб. Капурзаби рукIана: Шайбат бину РабигIат, ГIутбат бину РабигIат ва Алвалиду бину ГIутбат. Гьав лъабавго капурзабазул церехъаби чIвана дов лъабавго асхIабас.


**Алагьасда инкар ккурал гьесул диналда данде рахъарал гIадамал руго жидее жужахIалъул цIадул ретIел хIадурун бугел.** Дунялалда инсанас жинда тIад ретIел ретIулеб гIадин гьезул чурхдузда тIад цIадул ретIел букIине буго. **Гьезул бетIералда тIадги жиб гьалдолеб цIакъ бухIараб ва махIцараб хIамим тIезе буго.** ай: жужахIалъул цIадуца бухIараб, махIцараб лъим.

**20. Гьеб цIаялдалъун ва хIамималдалъун жидер черхалда бугеб гьанги, жаниб бугеб ургьимесги бухIун, биун гIодобе уна.** Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: «Гьеб хIамималъул цо къатIра дунялалъул мегIералда тIад тIинкIизабуни, гьеб мегIер биун инаан»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалда жаниб буго: *«Гьеб хIамим бетIералда тIад тIураб мехалъ гьенисан жаниб лъугьун хIатIазул гъоркьияб рахъалъа къватIибе бачIуна кинабго гьангин биинабун. Цингиги гьесул гьан букIухъин бижизабула»*-абун.

**2I. Гьеб жужахIалъул агьлуялъе гIазаб гьабизе маххул гьенцIокъал ва цIцIалал руго.** Жидеда кьабулел ва гьездалъун жал цере къотIулел. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалъулъ буго: *«Гьеб цо гьенцIокъ дунялалда тIад гIодобги лъун гьеб эхеде борхизе абун гIадамалги жунулги данделъаниги гьезда гьеб эхеде борхизе кIвелароан»*-абун.

**22. ЖужахIалъул гIазаб цIикIкIун гьениса къватIире рахъизе бокьанщинахъе, гьезда гьецIокъал кьабун жидерго бакIалда руссинарула ва гьезде абула: «нужеца гьеб гIазаб чIаме дунялада ругеб мехалъ гьеб гьереси гьабун букIин сабаблъун» - абун.**

**23. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жидеца иман лъун ва лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназда лъугьизарула. Жидее гьениб жаниб меседил ва луълуазул курхьин-кIиликI ва цогидаб берцинлъи букIула. Гьезул ретIелги алжаналда жаниб дарайдул букIула.**




**24. Гьез бицунеб каламги берцинаб, лъикIаб букIула.** ГIададисеб, цоцазул ракI холеб ргIи гьениб букIунаро**. Гьединаб берцинаб калам ахираталда бициналда гьел тIоритIана Аллагьас (عز وجل). Аллагьас гьел муъминзаби дунялалдаги тIоритIун рукIана битIараб нухалда ва хIакъаб диналда.**

**25. Жидеца Аллагьасда инкар ккурал, Аллагьасул дин босун вачIарав расуласда нахърилъиналдаса руссун чIарал ва Аллагьасул рукълъун бугеб масжидулхIарамалда хIаж ва гIумра гьабиялдаса жидеца муъминзабиги нахъе чIвалел гIадамазда дица гучаб гIазаб чIамизабизе буго. Дица гьеб кагIба рукъ ва масжидул хIарам гьабун буго гьенирго чIарал гIадамазе ва хIаж гьабизе рачIунел гIадамазеги гIаммаблъун, бащадаблъун.** Гьеб бакIалда чIарал гIадамазул ихтияр гьечIо гьенир цоги бакIалдаса хIаж гьабизе ва гIибадат гьабизе рачIулел гIадамал нахъчIвазе. **Гьеб масжидулхIарамалда жинца зулму гьабизе ва квешлъи гьабизе къасд гьабурав чиясдаги дица гучаб гIазаб чIамизабизе буго.**

Гьаб масжидулхIарамалда гьабураб гIибадаталъул кири цIикIкIинабулеб гIадин, Аллагьас (عز وجل) гьениб гьабураб зулмуялъул гIазабги цIикIкIинабула. Гьаб хIукму гьадин букIиналъул гIаламат буго гьениб жинца зулму гьабизе къасд гьабурав чиясда гучаб гIазаб чIамизабулеб букIин. Цо гIалимзабаца абуна масжидулхIарамалда зулму гьаби абураб ргIиялдаса мурад бугин, гьениб купру-ширк гьаби абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«КагIба рукъалда ргъ гьабизе абун цо бо къватIибе бахъуна. Гьел ракьалдаса рачIунел рукIадго Аллагьас (عز وجل) гьел киналго ракьулъе тIерхьинарула»*-абун.

**26. Дуца ракIалда щвезабе МухIаммад ﷺ, дица Ибрагьим (гIв) аварагасда КагIба рукъ бугеб бакI лъазабураб гIуж. Ва дица гьесда амруги гьабураб дуца гьеб КагIба рукъ бай абун. Гьеб рукъ бай цохIо дие гIоло, дие гIибадат гьабулеблъун. Гьеб рукъ как балел гIадамазе бацIцIад гьабе кинабниги чорокаб жоялдаса, рахъун чIун, рукугI ва сужуд гьабун Аллагьасе лагьлъи гьабулел, гьев разилъи тIалаб гьабулезе.**


**27.** КагIба рукъ бан лъугьараб мехалъ дица Ибрагьим аварагасда амру гьабуна: **«Дуца гIадамаздаги ахIе ва гьезда лъазеги гьабе гьаб Аллагьасул рукъалда рачIун нужеца хIаж гьабеян» - абун. Гьел гIадамал КагIба рукъалда хIаж гьабизе рачIине руго жидерго хIатIазда рилълъун ва рикIкIадаб сапаралдаса жал свакарал ва хIалакъал варанабазда рекIунги.**

**28.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) муъминзабада хIаж тIад гьабун буго ва гьеб Аллагьасул амру тIубазе **ва жидее ругел гIемерал мунпагIатал рихьизе ва гьел щвезе муъминзабиги рачIуна. Жидеца Аллагь (عز وجل) гIемер рехсезеги рачIуна муъминзаби гьеб хIаж гьабизе. Жал лъалел къояз букIуна гьеб Аллагь (عز وجل) гIемер рехсейги. Ва жидеца Алагьасул цIарги рехсолел къоял**

**руго гьел Аллагьас (عز وجل) жидее нигIматлъун кьурал хIайванал хъолеб мехалъ**: варанаби, хIайванал ва гIиял-цIаниги. **Гьеб Аллагьасул цIарги рехсон, Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун хъураб жоялъул гьан нужецаго кванай, мискинав, пакъирав чиясдаги кваназабе!**

**29. Къурбан хъун хадуб жидер черхалъул рацIцIалъи гьабе!** ХIеж бухьиналдалъун гьабизе гьукьун букIараб малъ-рас къотIи, гьуин махI гьабигIадаб жо гьабе**. Цинги жидеца гьабураб назроги тIубазабе. КагIба рукъалда сверун тIвафги гьабе** «ТIавафу ифаза» гьабе.

**30. Гьадин буго Аллагьасул амру ва хIукму хIаж гьабиялъул хIакъалъулъ. Жинца Аллагьасул дин тIадегIан гьабурав ва кIодо гьабурав чи:** хIалалаб хIалал гьабун, хIарамаб хIарам гьабун, амру-нагью тIубан; **гьесие жиндир гIамал цIакъ кIудияб ажро-даражалъун батизе буго БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) аскIоб. Нужее кинабго боцIи хIалал гьабун буго Аллагьас: варанаби, хIайванал, гIи-цIани, жиндир хирияб тIехьалда жаниб Аллагьас (عز وجل) хIарамаб буго абураб жо хутIизегIан.** Гьебги капурго хвараб жо буго, жиб хъолеб мехалъ Аллагьасул цIар гуреб цоги цIар рехсон хъураб жоги буго. **Нуж гьел мушриказ Аллагьасдехун ширк гьабулел алагьзабаздаса цIакъ рикIкIалъе: жал нажасал, чорокал жал руго гьел. Гьединго нуж рикIкIалъе гьерисияб нугIлъи гьабиялдасаги, гьереси бициялдасаги.**




**3I. Нуж рикIкIалъе кинабго батIулаб жоялдаса, Аллагьасе (عز وجل) хIакъаб дин гьабулеллъун. Аллагьасде ширкги гьабуге. Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабулев чи релъдъун вуго зодиса яги цо борхатаб бакIалдаса вортарав чиясда. Гьеб вортиналъулъги хIанчIаца жив тIетIезавун кваналев. Яги жив кутакаб гьуриялъ восун ун рикIкIадаб алахалда гьалаг гьавурав.** Гьаб буго мушриказул мисал, гьез гьабураб гIамал гIадада хун гьезие щибго мунпагIат щун гутIиялъулъ.

**32. Гьадин буго Аллагьасул хIукму гьесде ширк гьабурал гIадамазе бугеб. жидеца Аллагьасул дин кIодо гьабулел гIадамал руго жидер ракIазулъ гьесдаса хIинкъи бугел ва жидеца Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабулел.** Гьеб Аллагьасул дин тIадегIан гьаби буго паризаяб хIаж гьаби ва гьеб хIаж гьабулаго гьелъул шурутIал ва арканал тIуран хьвадиги.

**33. Нужеца къурбаналъе хъвезе абун бачулеб боцIиялъулъ нужее пайда буго гьеб жиндир хъолеб бакIалда щун ва хъолеб гIуж щун хъвезегIан.** Гьелда тIад рекIине бугьула, гьелъул рахьалдаса, квас-расалдаса мунпагIат босизе бегьула. **Цинги гьеб хъолеб бакIги КагIба рукъалда гIагарда ва мина абулеб бакIалда буго.**

**34. Дица щибаб умматалъе цоцо гIибадат гьабулеб бакI ва гIибадат гьабулеб къагIида гьабуна.** Ибрагьим (гIв) аварагасдаса бай бихьун Маккаялда бачун къурбан хъвейги гьабуна гIибадатлъун. **Гьел хъолел жалазда тIад Аллагьасул цIарги рехсезе, гьев разилъи тIалаб гьабунги хъвезе. Гьелдалъун Аллагьасе шукруги гьабизе гьес ризкъилъун кьураб боцIиялда данде. Нужер БетIергьан Аллагьги (عز وجل) жив цогояв, цоги жинда релъдъарав ва жинда ващадав гьечIев вуго.** Жиндие гIибадат гьабизе хIакъавги вуго. **Нуж гьев Аллагьасе мутIигIлъе ва гьесул амруялда нахърилъдъа.** Купру-ширкги рикIкIад гьабе. **Дуца рохел бице МухIаммад ﷺ Аллагьасе хIелун хIинкъун рукIунел муъминзабада гьезие алжан букIине буго абун.**

Шалха кколел гьел «Алмухбитина» абуни, ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьел баян гьарун абулеб буго.


**35. Гьел руго Аллагь ракIалда щвараб мехалъ жидер ракIал хIинкъулел, тIуркIулел. Гьезда бачIараб къварилъи- балагьалдаги жидеца сабро гьабулел, хIукъукъал тIубан паризаял какал ралел.** ГIуж цIунун, жамагIат гьабун, Аллагьасда ракI хIузурлъун ва гьесдаса хIинкъун. **Дица ризкъилъун кьураб жоялдаса дун разилъи тIалаб гьабун напакъаги кьолел.** Садакъа кьолел,

Аллагьасул дин тIадегIан гьабизе гIоло боцIи харж гьабулел, цогидалги муъминзабазе мунпагIат бугеб бакIалда гьеб боцIи харж гьабулел.

**36. Нужеца къурбаналъе хъвезе кьолел чIахIиял, кьариял варанабиги гьаруна дица дир диналъул гIаламатлъун. Гьел варанабазулъ нужее лъикIлъи буго. Нужеца Аллагьасул (عز وجل) цIар рехсе гьел варанаби хъвезе хIадур гьарун рахъун чIун ругеб мехалъ. Гьел хъун гIодоре рехидал ва гьезул гьан чукIун хIадурун бугеб мехалъ, гьеб нужецаги кванай ва жинца гьарарасеги кье, гьаризе нечарав мискинасеги кье. Гьединго дица варанаби нужее квегъана тIад рекIун сапаралда рачине, гьезул рахь бечIчIизе ва гьел нигIматал нужее кьурав Аллагьасе (عز وجل) шукруги гьабизе.**

**37. ТIадегIанав Аллагьасе гьел варанабазул гьан щоларо ва гьезул биги щоларо,** гьелда Аллагь хIажатавги гьечIо**. Гьесда щолеб жо буго нуж Аллагьасе мутIигIлъун, гьесдаса хIинкъун рукIин. Гьедин квегъана дица нужее гьел варанаби ва цогидаб боцIиги: нужеца Аллагь (عز وجل) кIодо гьавизе ва гьесие рещцги гьабизе нуж иманалда тIоритIиялда. Дуца алжаналдалъун рохел бице МухIаммад ﷺ, жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазда.**

**38. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) муъминзабадаса капурзабазул ва мушриказул зулму ва къварилъи нахъе чIвала, гьесие цIакъ вокьуларо жинца хиянат гьабулев ва нигIматазда инкар кколев чи.**




**39. Жидее зулму гьабураб мехалъ, зулму гьабулел гIадамазда рагъизе изну кьуна Аллагьас (عز وجل). Рагъизе изну кьечIого жиндир муъминал лагъзадерие квербакъизе кIолев вуго Аллагь.** Кинниги Аллагьасе бокьун буго гьел муъминзабазе ажро щвезе: гьез жигьад гьабун ва гьезие шагьидлъи щун.

**40. Жидее рагъ гьабизе изну кьурал муъминзаби руго щибго жидер гIайиб гьечIого ватIаналдаса къватIире рахъинарурал мугьажирал;** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг ва жидеда Аллагь разилъаял асхIабзабиги. **Гьез гьабулеб жо букIана Аллагь (عز وجل) цо гьави ва гьесдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабунгутIи.** Гьаб исламияб диналда ахIулел рукIана Маккаялъул мушрикалги. Амма гьез хIакъикъияб дин босичIо, Аллагь цо гьавизеги мукIурлъичIо.

**ТIадегIанав Аллагьасул гIадат букIинчIебани цо гIадамал цогидал гIадамаздалъун нахъе чIвалеб:** жидеца зулму гьабулел гIадамазда данде рахъун муъминзабаца рагъ балеб ва гьел купру-ширкалъул гIадамал жидер гIорхъода чIезарулеб. Гьеб Аллагьасда инкар ккураб къавмалъ ракьалда тIад цониги бакI тезе букIинчIо жинда жаниб Аллагьасул цIар рехсолеб ва гьесие гIибадат гьабулеб. **Гьез чIунтизе гьаризе рукIана насраниязул килисабиги ягьудиязул сенагогалги, жидеда жаниб радалги бакъанидаги Аллагь гIемер рехсолел бусурбабазул масжидалги. ХIакълъунго Аллагьас (عز وجل) квербакъи гьабизе буго гьесул диналъе ва аварагасе ﷺ квер бакъи гьабулел гIадамазе. ХIакълъунго Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго, жиндир хIал кIолъи камилавги вуго.** гьесдаса щивго чи бергьуларо ва гьесие бокьараб жо гьабиялдаса гьев гIажиз гьавулеб щибго жо букIунаро.

**4I. Аллагьас жидее квер бакъи гьабулел муъминзаби руго жидее ракьалда тIад ханлъи ва бергьенлъи щваниги жал Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабиялда тIад чIолел,** (мугьажиралги, ансаралги). Ва гьезда нахърилъларал, гьез гьабураб лъикIаб гIамал гьабурал муъминзабиги. **Жидеца паризаяб как балел, закатги кьолел, лъикIаб жоялдалъун амру гьабулел квешаб жо гьабиялдаса нахъеги чIвалел. Киналго умуразул ахир ва гьезул хIасил Аллагьасде (عز وجل) буссунеб буго**.

**42. Гьаб дур къавмалъ мун гьереси гьави ва гьез дуе къварилъи гьаби гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIо МухIаммад ﷺ. Дудаса цере рукIарал аварагзабиги гьереси гьаруна ГIадилаз, Сумудияз ва НухIил къавмалъги.**

**43. Ибрагьим ва ЛутI аварагасул къавмалъги гьел гьереси гьаруна.**

**44. Мадян шагьаралъул ва ракьалъул къавмалъ ШугIайб авараг гьереси гьавуна. Муса аварагги гьереси гьавуна.** Гьал гурел цогидал аварагзаби жидер къавмалъ гьереси гьаруна, гьезие къварилъиги гьабуна. **Дица гьел капурзаби гIазаб гьабичIого нахъе рахъун тун рукIуна, гьезие хIукму гьабураб заман щвезегIан. Цинги гьезие гIазаб гьабулеб мехалъ гучаб гIазаб ва гьалаглъи гьабуна. Кинха букIараб дица гьездехун гьабураб инкар?**

**45. Чан гIемерал росабиха ругел дица жидер агьло гьалаг гьарурал, гьеб агьлуялъ зулму ва пасалъи гIемер гьабураб мехалъ. Гьанже гьел росаби чIунтIун руго, тIохалги къедалги тIатIала ккун руго. Жидер лъим гьекъечIого тарал гIемерал гъуял ва иццалги руго. Жанир гIадамал гьечIого риххун ва чIунтун руго кIудиял ва берцинал кIалгIаби.**


**46. Гьаб Маккаялъул мушрикал даран-базар гьабизе сапаразда хьвадуларищ** ва гьезда бихьуларищ цересел умматал гьалаг гьарун нахъе хутIарал чIунтарал росаби ва шагьарал? **Гьезул жо бичIчIулел ракIалги гьечIищ, жидеда рагIулел гIундулги гьечIищ? Гьел мушрикал жидер берал беццал гьечIо, гьел руго каранда жанир ругел ракIал беццал**.

==========

Анасидасаги (ра) хIадис бицана:

Дида Бичасул расулас ﷺ абулеб рагIана: ***ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Дица дир лагъасул берал унтизарун хIалбихьи гьабураб мехалъ гьес сабру гьабуни, гьелда данде кьолеб жо алжан буго»-абун.***

ХIадис Бухарияс (ра) бицана.




**47. Мушриказ дудаса тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, мун жидее гьабулеб гIазаб бачун хехго вачIа абун.** Дуда божичIого, мун махсароде гьавун абулеб рагIи буго гьеб. **Ва амма Аллагьасул къотIи хIакъаб буго ва гьел мушриказе Аллагьас (عز وجل) гIазаб гьабизе буго. ТIадегIанав Аллагьасе цохIо къогIадин дагьаб жо буго нужеца азарго сонлъун рикIкIунеб заманги.**

**48. ГIемерал росаби руго жидер агьлоялъ зулму гьабулеб бугониги дица жал гьалаг гьаричIого нахъе рахъун тун рукIарал Цинги дица гьел гьалаг гьаруна, гьезул хабар бицунев чиги нахъе хутIичIо. Гьадин дида руссине руго киналго умматал ва къавмал.** Ва ахираталда дица гьезул гIамалалда рекъараб жаза гьабизе буго щивав чиясе.

**49. Дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я гьал гIадамал! Дун Аллагьас нужее хIинкъи кьезе витIарав авараг вуго.** Дица нужеда бицулеб жоги щибго жиндилъ шаклъи гьечIеб амру буго». Дир ихтияралда гьечIо нужее гIазаб гьаби, гьеб хех гьаби яги гьабичIого тей. Гьеб кинабго жо буго ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) кодоб.

**50. Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъун, авараг ритIухъ гьавун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе Аллагьасул рахъалъан мунагьал рахчи ва хирияб алжан буго.**

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гIемерал аятазда жаниб рехсон буго «жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе мунагьал рахчи (тIаса лъугьи) ва алжан буго»-абун. Жиндилъ пикру гьабизе кколеб рагIи буго гьаб. ЦохIого иман лъеялдалъун Аллагьас мунагьал рахчи ва алжан букIин къотIи гьабун гьечIо; иман лъечIого гьабураб лъикIаб гIамал гIадада хвараб букIинги мухIканаб масъала буго. Аллагъ гурхIизе ккани, гьев мунагьазда тIасаги лъугьизе ккани ва ахираталда алжанги кьезе ккани

шартI буго иманалъул ва исламалъул арканал цадахъ рукIин. Иман буго ракIил пиша. Ислам буго лугбузул пиша. Гьаб кIиябго гIамал цадахъ бугев чи вуго Аллагь (عز وجل) гурхIилин абун хьул лъезе бегьулев.


**5I.** Аллагьасда иман лъечIого, гьесул Къуръан гьереси гьабун, **Аллагьасул диналъул нур свинабизе ва гьеб къезабизе бокьун хьвадулел мушрикал руго даимго рукIинелъун жужахIалда лъугьинарулел гьеб жужахIалъул агьлу.**

**52. Дица дудасан цере аварагзаби ритIичIо МухIаммад ﷺ, жидее цо жо бокьараб мехалъ ва жидеца гьелда къасдги гьабураб мехалъ шайтIаналъ гьезул ракIилъ вас-васал рехун рукIун гурони. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) аварагзабадаса гьеб шайтIаналъул вас-вас тIаса инабуна. ХIакъалъунго, Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жоялъул хIукму лъалев вуго, жиндир пишабазулъ хIикмат-пайда бугеб жо гьабулев вуго.**

**53. Гьаб шайтIаналъул квешаб гIамал ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьабун буго иман загIипал гIадамазе, жидер ракIилъ унти бугел мунапикъзабазе, ва жал цIакъго къосарал, жидер ракI ссогIал капурзабазеги питналъун букIине. ХIакълъунго, гьал мунапикъзаби ва капурзаби Аллагьасде ва гьесул аварагзабаде тушманлъи бугел, жидер тушманлъи ва гIасилъи гучал руго.**

**54. Аллагьас жидее гIелму-гIакъло кьурал гIадамаздаги лъазе гьаб Къуръан дур БетIергьан Аллагьас рештIинабураб, гьесул хIакъаб калам букIин ва гьелда иман лъезе, гьезул ракIал Аллагьасдаса хIинкъун, гьесие хIелун рукIизе. ХIахълъунго, Аллагьас жидеца иман лъурал гIадамал хIакъаб диналда ва битIараб исламияб нухда тIоритIула.**

**55. Аллагьасдаги, гьесул аварагасдаги инкар ккурал гIадамал къиямасеб къо щвезегIан гьаб Къуръаналъулъ шакдарулел, хIакъаб дин бокьуларел, гьелда божуларел рукIине руго. Гьеб хIалалда рукIадго, жидеда ракIалдаго гьечIого, къиямасеб къо ва гьелъул гучаб гIазаб гьезда щвезе буго.**




**56. Гьеб къиямасеб къоялъул кинабго ханлъи Аллагьасе (عز وجل) буго. Аллагьас халкъалда гьоркьоб хIукму гьабула,** хIисаб-мизан гьабун муъиминзаби ва капурзаби батIа гьарула. **Аллагьасда иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел рукIарал муъминзаби нигIматазул алжаналда лъугьизарула.**

**57. Аллагьасда (عز وجل) инкар ккун, гьесул Къуръан ва мугIжизатал гьереси гьарун хьвдарал гIадамазе жал гIодорегIан гьарулеб гIазаб букIине буго.** КъуртIуби абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) цересел умматал гьалаг гьаруна гьел бищунго дунялалда ракIгъун, гьелда божун, бечелъи, рахIат-лазаталда жанир тIерхьун жал ругеб мехалъ. Гьеб буго инсан цIакъ Аллагьасдаса гъапуллъараб заман. Гьеб хIалалда жив вукIаго гьалаглъи тIаде бачIараб мехалъ инсанасда чIолеб къо, гьесда бачIунеб къварилъи жиб бицине кIолареб, жиндие сипат гьабизе лъаларе букIуна. Аллагьасул (عز وجل) нигIматаздалъун гуккун рукIин муъминзабазул гIамал гьечIо. НигIматал гIемерлъанагIан шукру гIемер гьабизе ккола ва гьел нигIматал Аллагьас балагьлъун, гIазаблъун сверизариялдаса хIинкъун рукIине ккола.

**58. Аллагьасул диналъе гIоло гьижра гьабурал,** гьеб дин тIадегIан гьабизе жидеца ватIан тун къватIире ун гъазаватги гьабурал**, цинги жал гьеб гъазаваталда чIван, яги жидерго рукъор рукIун бусада регун хварал гIадамазе, БичасхIаги, Аллагьас (عز وجل) гьезие алжаналъул нигIматал кьезе руго. ХIакълъунго Аллагь жидеца ризкъи кьолезул бищунго лъикIав вуго**. Дунялалъул рукъоб цояз-цогидазе ризкъи кьей Аллагьасулалда релъунаро.

**59. БичасхIаги, Аллагьас гьел лъугьизарула жал разилъулеб алжаналда жанир. ХIакълъунго, Аллагь (عز وجل) жинда лагъзадерил кинабго гIамал лъалев ва муъминзабада жив гурхIулев вуго.**


**60. Гьадин буго ТIадегIанав Аллагьасул хIукму. Жинца залимчиясе гьес жиндие гьабураб зулмуялда релъэараб жаза гьабурав чиясе, цингиги гьев залимас жиндехун тушманлъи гьабураб мехалъ, Аллагьас гьесие квербакъи гьабизе буго.** Гьаб аяталъул магIна буго: цо чиясе зулму гьабураб мехалъ гьев жинца зулму гьабурав чиясе жаваб кьун, гьесул зулму нахъчIван тамихI ва гIакъуб гьабизе бегьула. Гьадин тамихI гьабун хадувги дов жинца зулму гьабулев чи чIолев гьечIони, Аллагьас жинда рагъ гьабулев муъминчиясе квербакъи гьабизе буго. **ХIакълъунго, Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчулев ва жив тIаса лъугьулев вуго.**

**6I. Гьаб амру гьадин буго ТIадегIанв Аллагь (عز وجل) вукIин сабаблъун жиндир гуч бергьарав хан: Жинца сордо къоялда жаниб лъугьинабулев вуго гьев Аллагь (عز وجل) ва къо сордоялда жаниб лъугьинабулевги вуго. ХIакълъунго, Аллагь жинда лагъзадерил рагIи рагIулев ва гьезул гIамал бихьулев вуго.**

**62. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан. Мушриказ гьев Аллагьги тун жидее лагълъи гьабулел алагьзаби батIулал, гьересиял жал руго. ХIакълъунго, Аллагь вуго жив ТIадегIанав ва жиндир къуват - гуч кIудияв хан.**

**63. Дуда лъаларищ я гьав инсан, ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIин жинца зодисан цIад рештIизабулев. Цинги гьеб цIадалдалъун ракьалда тIад ах-хур бижула ва гьеб берцинлъун, бечелъун лъугьуна,** жиб бакъвараб букIун хадуб. **ХIакълъунго, Аллагь жив гурхIулев, жинда лагъзадерил ахIвалал ва гьезул маслахIатал лъалев вуго.**

**64. Гьев БетIаргьан Аллагьасул мулк буго зобал ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. ХIакълъунго, Аллагь вуго кинабго хIалалъулъ жив вещцарав, гьев бечедавги вуго,-** щибго жоялда жив хIажалъуларев, жинда кинабго жо хIажатав.




**65. Дуда бихьуларищ ва лъаларищ, я гьав инсан, гьев Аллагь (عز وجل) вукIин нужее ракьалда тIад бугеб кинабго жо квегъарав. Аллагьасул амруялдалъун ралъадалда тIад хьвадулел гумиги квегъана нужее. Ракьалда тIаде рорхун зобалги чIезарун руго гьесул амруялдалъун. Гьел зобал гIодоре рортуларел гьарун руго, Аллагьасул изнуялдалъун гурони.** къиямасеб къо чIолеб мехалъ сукIун нахъе росун гурони. **ХIакълъунго, ТIадегIанв Аллагь гIадамазда цIакъ гурхIулев вуго.** Гьесул гурхIел цIобалдаса буго нужее ракьалда тIад магIишат-яшав гьабизе сабабал рекъезари. Гьедин бугелъул гьев Аллагьасе кидаго шукру гьабизе тIадаб буго.

**66. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан, жинца нуж чIаго гьарурав** щибго жо гьечIого букIараб бакIалда**. Цинги жинца нуж хвезеги гьарулев ва ахираталда чIаго гьарун тIадеги рахъизарулев. ХIакълъунго, инсан вуго Аллагьасул нигIматазда инкар кколев, гьезда шукру гьабуларев.** Гьав инсан вуго купру-ширкалда жив вугев. Гьазда бадиб чIвай гьабун Аллагьас абулеб буго: Мун вижарав, дуе ризкъи кьолев, ахираталда мун тIаде вахъизавун а хIисаб- мизан ва жаза гьабулев,- гьев БетIаргьан Аллагьасдаса хIинкъичIого, гьесие гIибадат гьабичIого, гьесдехун ширк кин гьабулеб ва цоги алагьзабазе ва хъанчазе лагълъи кин гьабулеб абун.

**67. Дица щибаб умматалъе ва къавмалъе гьезда хасаб гIибадат ва шаригIат гьабуна.** Щивав аварагасда хасаб шаригIат гьабуна, амма киналго аварагзаби ва киналго шаригIатал Аллагь (**عز وجل**) цо гьавиялдалъун ва гьесие гIибадат гьабиялдалъун рачIарал рукIана. **Дуда дагIба гьабуге абе гьел Маккаялъул мушриказ! Дуда рештIинабураб Къуръан ва мун жиндалъун витIараб исламияб динги гьелда данде къец гьабизе рес гьечIеб хIакъаб дин буго. Дуца гьел гIадамал ахIе**

**МухIаммад ﷺ, Аллагьасе гIибадат гьабиялда ва битIараб исламияб диналда. ХIакълъунго, мун жинца алжаналда рачулеб битIараб нухда вуго.** Гьеб буго исламияб дин


**68. Дудехун гьел мушрикаца дагIба гьабулеб бугони, дуца гьезда абе МехIаммад ﷺ Аллагь жинда лъалев вугин нужеца гьабулеб гIамал.**

**69. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) къиямасеб къоялъ хIукму гьабизе буго нужеда гьоркьоб бугеб хилапалъул.**

**70. Дуда лъала гурищ, МухIаммад ﷺ, ТIадегIанав Аллагь вукIин зобал-ракьазда жаниб бугеб жо жинда лъалев. Гьеб кинабго лавхIулмахIпузалда хъванги буго. Гьаб киналъулго гIадло-низам гьаби ва гьезие жаза гьаби Аллагьасе цIакъ бигьаяб иш буго.**

**7I. Мушрикаца жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагьасеги (عز وجل) гьабичIого гьеб гьабулеб буго гьезие гIибадат гьабиялъе щибго хIужжа-далил гьечIел ва щибго жидер гьунар гьечIел хъанчазе.** Гьеб гIибадат гьабулел рукIин гуреб жидер щибго гIелму-лъайги гьечIо. Ва жидеца гьабулеб жо жидедаго бичIчIулебги гьечIо. **Гьел мушриказе Аллагьасул гIазаб нахъе чIвазе кIолев щивго чи вукIизе гьечIо.** Гьел алагьзабазги гьезие щибго квербакъи гьабизе гьечIо.

**72. Дир Къурьаналъул баянал ва мухIнакал аятал цIалараб мехалъ, гьезул гьумералда дуда бихьулеб буго МухIаммад ﷺ, гьеб Къуръан рихиялъул ва гьелда инкар кквеялъул асар. Гьел гIагарлъулел руго жидеца Къуръан цIалулел муъминзабада рагъизе ва кьабизе. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: дица бицилищ нужеца муъминзабазе гьабулеб къварилъиялдасаги квешаб жо щиб бугеб? Гьеб буго жужахIалъул цIа, Аллагьас (عز وجل) капурзабазе жиб къотIи гьабураб. ЦIакъ квешаб бакI буго гьеб жужахI жинда жанир руссизе.** Гьел купру-ширкалъул гIадамаз нужее къварилъи гьабуниги нужеца гьелда сабро гьабе. Гьезие Аллагьас (عز وجل) хIадурун бугеб гIазаб цIакъ гучаб буго.




**73. Я гьал гIадамал! Нужее цо кици тIамулеб буго Аллагьги (عز وجل) тун жидее лагъалъи гьабулел хъанчазул хIакъалъулъ, нуж гьелда гIенекке ва гьелъул пикру гьабе! Жиндие лагъалъи гьабизе тIадав Аллагьасеги (عز وجل) гьабичIого нужеца гIибадат гьабулеб хъанч буго жинда цохIо тIутIцин бижизе кIолареб. Гьел хъанчал ва алагьзаби цадахъ лъугьун хIалтIаниги кIоларо гьезда гьедигIанго загIипаб тIутIцин бижизе. Нагагь гьеб тIутIалъ хъанчазда тIад бахараб нах ва махI гьуинаб жо босун ани гьелъухъан гьеб бахъизеги хIал кIоларо гьел хъанчазул. ЦIакъ загIипаб, хIакъираб жо буго инсанас жиндие лагъалъи гьабулеб хъанч. Гьединавго загIипав ва хIакъирав вуго гьеб хъанчие лагъалъи гьабулев инсанги.** Жиндир гIакъло гьечIев вукIун, жинца гьабулеб жо щиб бугеб лъаларев вукIун.

**74. Гьел мушриказ ТIадегIанав Аллагьасул къадро лъан гьесие букIизе кколеб къадро-къимат гьабулеб гьечIо,** гьесдаса хIинкъун гIибадатги гьабулеб гьечIо. **ХIакълъунго Аллагь цIакъ гуч бергьарав, кинабго бергьенлъи жиндие бугев вуго.**

**75. ТIадегIанав Аллагьас малаикзабадаса рищула аварагзабада жиндир вахIю щвезабизе ритIулел Жабраил малаик гIадал малаикзаби. Гьединго Аллагьас гIадамазда гьоркьоса вищула авараглъун витIулев чи. ХIакълъунго, Аллагь гьел мушрикаца бицулеб хабар рагIулев ва жинца гьабулеб гIамал ва хIукму - къадар жинда лъалев вуго.** Гьев гIакълу чагIазда хIажалъуларо.

**76. Гьев Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго гьанжелъизегIан цебехун букIараб жо, гьанже бугебги, дунял ахирлъизегIан букIунеб ва цинги ахираталда букIунеб жоги. Гьев Аллагьасда буго кинабго амруялъул буссин ва ахир.**

**77. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабе гьесие рукугI ва сужда гьабун, гьесул амру-нагью тIубан, шаргIалъул гIорхъаби цIунун. Нужеца Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамалги гьабе. Гьедин хьвадани нужер лъикIлъиялда квершел батизе буго ва нужее Аллагь (عز وجل) разилъи ва гьесул алжанал щвезе руго.** Гьаб аят цIалараб мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.

**78. Нужеца Аллагьасул дин тIадегIан гьабиялъе гIоло хIал кIвараб яхI бахъе. Аллагьас нуж тIаса рищун руго гьаб ракьалда тIад цохIо гьесул дин букIинабиялъе. ТIадегIанав Аллагьас нужее дин гьабун буго жинда жаниб захIмалъи гьечIеб.** Нужеда гьабизе кIолареб жо тIад къан гьечIо. **Гьеб дин буго нужер кIудияв эмен Ибрагьам (гIв) аварагас гьабулеб букIараб бацIадаб исламияб дин.** Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат гьабулеб. **Аллагьас нужеда цIар лъун буго цересел тIахьаздаги, гьаб Къуръаналда жанибги «Муслимунал» абун.** Гьеб рагIиялъул магIна буго Аллагьасул диналда мутIигIлъун, гьесул амруялда нахърилъларал абураб. **Исламияб уммат Аллагьас гьабун буго жиндие аварагас нугIлъи гьабулеблъун гьезухъе рисалат щвезабуна абун. Цинги гьеб исламияб умматалъ нугIлъи гьабизе буго цогидал умматазухъе гьезул аварагзабацаги рисалат щвезабуна абун. Нужеца паризаял какал камилаб хIалалъ рай, боцIудаса закатги кье. Кинабго нужер амруялъулъ Аллагьасда божун, гьесул квербакъи тIалаб гьабун рукIа. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан ва гьев жидеца квер бакъулезул бищунго лъикIав вуго ва жив валилъун вукIине, жинда божун ва хьуллъун рукIине лъикIав вуго.**

ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) квер бакъиялдалъун суратул

ХIажалъул тафсир ва таржама хъван тIубана. Кинабго рецц ва шукру гьев Аллагьасе (عز وجل) буго.

**23. Суратул Муъминуна**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб нусиялда анцIила микьго аят бугеб.

**Жидер киналго анишазда ва хьулазда квершел батана муъминзабазул.** дунялалдаги ахираталдаги жал бахьибугеллъун руго гьел. Щал гьел абуни:


**2. Аллагьасе как балеб мехалъ жал цIакъ хIинкъун, хIелун, Аллагьасул къадро кIодолъи ва жидер загIиплъи лъан рукIулел.**

**3. Жидеца кинабниги гIададисеб, батIулаб, гьересияб калам ва гьеб калам гьабулеб мажлисги рикIкIад гьабун толел.**

**4. 5. Жидеца боцIи-малалда, гIарац-меседалда тIалъараб паризаяб закатги кьолел. Жидерго гIавраталги хIарамаб жоялдаса цIунулел.**

**6. ХIалалал рос-лъадиялъе бихьизе бегьила гьеб гIаврат** ва гьезулгун гьабизе бегьила жимагIги цогидаб напсалъул шагьват тIубайги. **Жидер гъарабашазеги бегьила гIаврат загьир гьаби ва гьезулгун жимагI гьаби.** Гьаб шаргIалда хIалалаб хIалалъ жидер гIаврат хIалтIизабунин абун **Аллагьас (عز وجل) гIайиб чIваларо ва гьезие мунагь-хIакъги букIуларо.**

**7. Аллагьас бихьизабураб нухги тун цоги хIарамаб хIалалъ чорхол шагьват тIубарал гIадамал руго жидеца шаргIияб гIорхъи хвезабун чороклъи ва пасалъи гьабурал.**




**8. Жидеца тIад къараб аманат тIубалел ва гьабураб къотIиги цIунулел, гьеб биххизбуларел.**

**9. Жедеца паризаял какал гIужда раялда ва хIукъукъал тIубан раялда тIадчIей гьабулел.**

**I0. Гьал сипатал жидее ругел муъминзаби руго жидеца алжанал ирсалъе росине мустахIикъал гIадамал.**

**II. Гьез ирсалъе босула алжаназул бищунго лъикIаб пирдавус алжан ва гьел даимго рукIинелъун Аллагьас (عز وجل) гьеб алжаналда жанир лъугьизарула.**

**I2. БичасхIаги дица инсан вижана хIашалдаса тIаса бищараб ва данде гьабураб жоялдаса.** Адам авараг хIашалдаса вижун, гьесдаса бачIараб насло бугелъул, кинавго инсанасул вижиналъул асло ва байбихьи хIашалдаса буго.


**I3. Цинги хадусеб инсанасул вижи гьабуна бихьинчиясул гьодидаса чIужугIаданалъул рахIмуялда жаниб тIинкIун унеб манидал къатIраялдаса. Дица гьеб манидал къатIра лъуна мухIканаб бакIалда**. РахIмуялда хжаниб лъуна. Гьеб рахIмуги кIиязулго мани данделъун жинда жаниб чIезе ва бижизе мустахIикъаблъун гьабуна.

**I4. Цинги гьеб манидал къатIра бидул горолъун гьабуна, гьеб бидул гороги гьанал къотIеллъун гьабуна** (цо нухалъ кIалдиб лъолеб нана гIадаб жо гьабуна). **Хадуб гьеб гьанал къотIелалдаса рукьби гьаруна ва гьел рукьбузда тIад гьанги бижизабуна. Гьелдасаги хадуб гьеб рижи кIудияб гIун жиндир сипат-сурат бугеб инсанасул къаркъала лъугьидалго гьелда жаниб рухIги биччана. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) цIакъ берцинаб ва камилаб хIалалъ жинца жо бижулев вуго. Ва жиндир къудрат-гуч тIадегIанав, жив нукъсанлъи гIажизлъиялдаса вацIцIадав вуго.**

**I5. I6. Гьаб берцинаб хIалалъ рижун хадур нуж хвезе ругел руго. Цинги къиямасеб къоялъ чIаго гьарун нуж тIаде рахъинаризе руго.**

**I7. БичасхIаги, дица нужеда тIад анкьго зобги бижана жал цояб цоялда тIад ругел**. ГIарабияз цо жо цогидада тIад бугеб мехалъ гьелда «ТIарикъат» абула: жиб тIад бугеб, тIад бачIараб. Гьедин бугелъул гьаб аяталда жанибги «ТIарикъат» абуна цояб цоялда тIад буго абураб магIнаялда. Цоги магIна гьабуна: «гьел зобал жидеда жанир малаикзаби хьвадулел нухаллъун гьаруна»-абун.

**Дун дица бижараб махлукъ кIочарав, гьелдасан гъапулав гьечIо.** Дица гьеб махлукъаталъул тадбир гьабула, гьелъул маслахIаталги цIунула.




**I8. Дица зодисан цIадалги разаруна, жидер къадар чIезабун.** ГIемераб цIад бан гIадамазе ва рухIчIаголъиялъе зарал гьабичIого ва цIакъго дагьаб бан хур-хер бижулареб хIалги гьабичIого, гьоркьохъеб хIал гьабуна. **Дица гьеб цIадал лълъим ракьалда тIад ва жниб чIезабуна. Дие бокьун букIарабани дида кIолаан гьеб лъим ракьулъ жанибе ун нужее щибго мунпагIат гьечIеблъун гьабизе.** Киниги дир гурхIел- рахIмуялдалъун дица гьеб цIадал лъим нужер чIаголъиялъе пайда бугеблъун гьабуна. Ракьалда тIад чIун жиб гьекьезе, жиндалъун ах-хур лъалъазе бегьулеб гьабуна, ракьалда жаниб араб жиндалъун жо бижулеб гьабуна.

**I9. Гьеб цIадалдалъун дица нужее рижизаруна цIолбол ва чамастакил ахал. Гьел ахазулъ гIемераб батIи-батIияб пихъ бугеб, нужеца жиб кваналеб ва жиндаса лазат-кеп босулеб.** ЦIибилги чамастакги гIарабиязул бищунго гIемерал пихъал рукIиналъ рехсана гьел Къуръаналда жанир.

**20. ТIурсайнаъ мегIералда аскIоб жиб** бижулеб ва цогидабги ракьалда жиб бижулеб **зайтуналъул гъветIги бижизабуна дица гьеб цIадалдалъун,** нужеца мунпагIат босизе. **Гьеб гъветIалда бижараб пихъ нужее квен букIула, гьелъул нахги букIула ва гьеб нужее квенгун цадахъ дандежолъунги букIула.** ГIемераб бакIалда хIалтIизабулеб ва жиндаса пайда босулеб нах буго зайтуналъул. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Нужеца зайтун кванае ва гьелъул нахги черхалда бахе. Гьеб зайтуналъул гъветI баракат бугеб гъветI буго»*-абун.

**2I. Нужеца пикру гьабизе ва гIакъло босизе гIаламат буго нужее квегъун бугеб боцIиялъулъги: варанаби, хIайванал ва гIи-цIани. Дица нужеда гьекъезабула гьезул чохьониса бачIараб бацIадаб ва тIагIамам рахь. Гьеб гуреб цогиги гIемер мунпагIат буго нужее гьеб боцIиялдаса. Гьеб боцIиялъул гьан, хIан, нах кванала.**

**22. Варанабазда ва гумузда рекIун нужги нужер къайиматахIги рикIкIад сапараздаги уна.**


**23. Дица НухI (гIв) авараг витIана жиндир къавмалда, гьел Аллагьасул диналда ахIулев расуллъун. Гьес жиндир къавмалда абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагъэлъи гьабе жив цогояв нужер БетIергьан Аллагьасе (عز وجل). Нужее гьев гурев цоги Аллагь гьечIо жиндие лагъэлъи гьабизе бегьулев. Нуж хIинкъуларищ гьев Аллагьасул гIазабалдаса, гьевги тун цоги жоялъе лагъэлъи гьабураб мехалъ?»-абун.**

**24. Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал НухIил (гIв) къавмалъул церехъабаца абуна: «Гьав НухI гьечIо нужедаго релъэларав инсан гурони. Гьесие бокьун буго нужедаса жив хириявлъун ва тIокIавлъун вукIине. Аллагьасе (عز وجل) нужехъе авараг витIизе бокьун букIарабани, гьес малаикзаби ритIизе рукIана нуж диналда ахIизе. Гьав НухIица бицунеб жо нижеда нижер умумуз бицунеб рагIичIо ва гьездасаги церехун рукIарал умматазулъги рагIичIо гьес жинда ахIулеб дин.**

**25. Гьев НухI гьечIо жив жундуца ккурав, ахIмакъаб жо бицулев гурони. Нужеца яхI-сабро гьабе гьев хвезегIан, цинги нилъ гьесул гIадалаб хабаралдаса хIалхьезе руго»-абун.**

**26. НухI аварагас абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дие квербакъи гьабе гьаб къавмалъ дун гьереси гьавураб мехалъ» - абун.** Дица гьезие гIемераб заманаялъ вагIза-насихIатги гьабуна, гьаз дир дагIватги къабул гьабичIо, мун БетIергьан вукIиналдаги мукIурлъичIо. Гьанже дир хьул къотIана гьаз иман лъеялдаса. Дуца гьаб къавмги гьалаг гьабун гьезул бакIалда цоги лъикIаб къавм гьабе абун.

**27. Дица НухI (гIв) аварагасда вахIю гьабуна дуца гама гьабе абун дир квер бакъиялдалъун** ва дир цIуниялда гъокь мун вугеб хIалалъ, **дица вахIю гьабураб хIалалъ. Цинги дица гьеб къавм гьалаг гьабизе цIараб гIуж щвараб мехалъ ва чед бежулеб кориниса къватIибе лъимги чвахараб мехалъ, дуца гьеб гамида жанире лъугьинаре щибаб рухIчIаголъиялдаса цо бихьинаб цо цIуяб кIиго жо. Дуда иман лъураб дур агьлоги рекIинабе гамида тIаде; жал гьалаг гьаризе къотIи гьабурал капурал гIадамал хутIинегIан. Дуца дида хитIаб гьабуге купру-ширкалдалъун зулму гьабурал гIадамал гьалагглъиялдаса хвасар гьаре абун. Гьел киналго лълъималда гъокь ккун жал гъанкъизе ругел руго.**




**28. Мунги дур агьлоги гамида тIад рекIераб мехалъ дуца абе: «Кинабго рецц Аллагьасе (عز وجل) буго жинца ниж капураб, залимаб къавмалдаса хвасар гьарурав»-абун.**

**29. Жегиги дуца абе: «Дуца ниж гьаб гамидаса рештIинаре БетIергьан, жиндилъ баракат бугеб, нижее къварилъи- зарал гьечIеб хIалалъ. Мун вуго БетIергьан Аллагь (عز وجل) жинца рештIинарулезул бищунго лъикIав»-абун.**

**30. Гьаб НухIил къавмалъул къисаялъул гIемерал гIаламатал ва далилал руго жидеца Аллагьасул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулел: гIакъло бугел, пикру гьабулел гIадамазе. Дица гьеб ишги гьабуна, ва цогидаб гьединаб ишги гьабула дир лагъзадерил хIалбихьи гьабун, гьезул дие мутIигIал ва дида гIасилъулел загьир гьаризе бокьун.**

**31. Гьеб НухIил (гIв) къавм гьалаг гьабун хадуб дица цоги къавм бижана гьезул бакIалда.** Гьеб букIана Гьуд (гIв) авараг жидеда витIарал «ГIадилал» абулеб къавм.

**32. Цинги гьел ГIадилазда дица расуллъун Гьуд (гIв) авараг витIана, гьездаго гьоркьоса чилъун жив вугев. Гьудица (гIв) гьезда абуна: «Нужеца лагъэлъи гьабе жив цогояв, жиндие лагъэлъи гьабизе тIадав Аллагьасе (عز وجل). жиндие лагъэлъи гьабизе бегьулеб цоги щибго жо гьечIо. Нуж гьев Аллагьасдаса хIинкъуларищ гьесдехун щирк гьабизе ва хъанчазе лагъэлъи гьабизе?»-абун.**

**33. Гьев Гьудил къавмалъул Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал, ахират букIинги ва гьениб хIисаб-мизан букIинги гьереси гьабурал, дица жидее дунялалъул бечелъиги кьурал церехъабаца абуна: «Гьев чи гьечIо нужедаго релъдъарав инсан гурони. Нужеца кваналеб квенги кваналев, нужеца гьекъолеб лъимги гьекъолев.**

**34. Гьав нужедаго релъдъарав чиясда нуж мутIигIлъани ва гьес жинда ахIулеб динги гьабуни, нуж цIакъ гIададе хварал, чIорого хутIарал гIадамал рукIине ругин абун.**

**35. Гьав Гьудица (гIв) нужее къотIийщ гьабулеб бугеб хун хадур тураб ракьлъун ва рукьбилъун лъугьун рукIадго, цIидаса чIаго гьарун тIаде рахъизаризе ругин абун.**

**36. Кисан гьеб букIунеб! Гьединаб жо букIинего букIунаро! Гьересияб жо буго гьев Гьудица нужее къотIи гьабулеб.**

**37. ХIакъалъунго, нилъее бугеб чIаголъи буго гьаб дунялалъул рукъоб бугеб чIаголъи. Нилъ гьанир цоял рижула ва цоял хола.** Гьаб буго нилъее бугеб чIаголъиги, хвелги. Гьелдаса хадуб щибго жо гьечIо: тIаде рахъинариги гьечIо, хIисаб- мизанги, алжан жужахIги гьечIо.


**38. Гьев Гьуд вуго жинца Аллагьасул цIар гьоркьоб ккун гьереси бицунев чи. Нижеца гьесда иман лъоларо -** абун.

**39.** Жиндир къавмалъ дагIват къабул гьабичIого, гьев гьереси гьавураб мехалъ, **Гьуд аварагас абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Гьаб къавмалъ дун гьереси гьавуна, дуца дие квер бакъи гьабе гьазда тIад дун бергьине ва гьазда лъазе дун дуца витIарав хIакъав авараг вукIин.**

**40. Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан Гьудида вахIю гьабуна: «Дагьабго заманалдаса гьел цIакъ пашманлъизе руго жидеца гьабураб гIамалалда»-абун.**

**4I. Гьеб Гьудил (гIв) къавм гучаб гьаракьалъул гIазабалъ ккуна ва гьел бакъван, гьаршун ракьалда араб тураб хер гIадин гьалаглъун тIагIана.** Лъималъ босун унеб, щибго жиндаса пайда гьечIеб ришни- къул гIадин лъугьана гьел. **Аллагьасул (عز وجل) рахIматалдаса рикIкIад гьариги, дунялалъул балагьги, ахираталъул гIазабги буго купру-ширкалдалъун напсазе зулму гьабурал гIадамазе.**

**42. Гьезда хадурги дица цогидал умматал рижана.** СалихI аварагасул, Ибрагьим, ЛутI ШугIайб аварагасул умматал рижана. Гьел умматазги жидер аварагзаби гьереси гьарураб мехалъ ва дун жидер БетIергьан Аллагь (عز وجل) вукIиналда инкар ккураб мехалъ, дица гьел умматалги гьалаг гьаруна.




**43. Цониги умматалдаса гьезие цIараб заман ва гьел гьалаг гьаризе Аллагьас (عز وجل) гьабураб хIукму - къадар цохIо лахIзаталъ цебе кколоро ва хадуб кколаро.**

**44. Гьелдаса хадурги дица щибаб къавмалда цоязда хадур цогидал русулал ритIана. Жидехъе дир расул вачIунщинахъе гьеб къавмалъул гIадамаз гьев расул гьересиги гьавуна. Дица гьел капурал, залимал ва зулмуял къавмал цоязда хадур цогидал гьалаг гьаруна ва хадур рачIунел умматазе бицине хабар гуреб жо гьезул нахъеги хутIичIо. Аллагьасул рахIаматалдаса рикIкIалъи ва гIазаб буго гьадинаб пикру гьабулареб ва жидее вагIза лъугьулареб къавмалъе.**

**45. Гьел къавмал гьалаг гьарун хадур дица Муса (гIв) авараг ва гьесул вац Гьарун (гIв) аварагги витIана, дир баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун.**

**46. Мисриялъул хан пиргIавнида ва гьесул къавм къибтIияздаги ритIана. Гьел цIакъ чIухIана Мусада (гIв) гIенеккизе, гьез гIамал кIодолъи загьир гьабуна. ПиргIавнги гьесул агьлоги цIакъго залимаб къавм букIана.**

**47. ПиргIавнил къавмалъ абуна: «Нижеца иманищ лъелеб ва ниж нахърилълъулищ гьав кIиго чиясда, гьазул къавм нижер лагъзалги рукIадго?» - абун.**

**48. Жидеца гьел гьереси гьавуна ва гьел гьалаг гьаруараб къавмлъун лъугьана.**

**49. ХIакълъунго дица Муса аварагасухъе Тавратги кьун букIана, пиргIавнил къавмалъ иман лъун гьел хIакъаб диналда тIоритIизе бокьун.**

**50. Дица Маръямил вас ГIиса авараг ва гьесул эбел Маръям гьаруна дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламатлъун. Дица гьел кIиялдаго чIолеб бакIлъун гьабуна байтулмукъадасалъул ракьалдаса бищунго берцинаб ва лъикIаб бакI.**

**5I. Дица киналго аварагзабада ва гьезда иман лъурал муъминзабада хитIаб гьабун абуна: «Я гьал аварагзаби! Нужеца хIалалаб, бацIадаб ризкъи кванай, лъикIаб гIамал гьабун Аллагь ( عز وجل) разилъи, гьесда гIагарлъиги тIалаб гьабе! Дун вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъалев ва гьелда рекъараб жаза нужее гьабизе бугев»-абун.**


**52. Гьаб дица нуж жиндалъун ритIараб дин я гьал аварагзаби, цохIо дин буго. Дунги вуго нуж киназулго БетIергьан Аллагь (عز وجل)** нуж рижарав, нуж хьихьулев, ахираталда нужее жазаъ гьабулев. **Нуж дир гIазаб-гIакъубаялдаса хIинкъа.**

**53. Ва амма умматал гьеб цо диналда чIечIо, гьел цIакъ рикь-рикьана. жидецаго ургъун хъварал тIахьазда нахърилълъана, Аллагьасул (عز وجل) калам хисизабуна. Гьеб щибаб къокъаги жидер дин битIараблъун рикIкIун гьелдалъун рохулел ва чIухIулел руго.**

**54. Дуца гьел Маккаялъул мушрикал жагьиллъиялъулъ ва ахIмакълъиялъулъ те, МухIаммад ﷺ гьезда тIаде хвел бачIизегIан.**

**55. Гьел капурзабада ракIалда ккунищ бугеб жидее кьураб боцIи-мал ва васал 56. Дица гьезие гьабулеб лъикIлъи буго абун ва жидер гIамалалда дун рази вуго абун.** Гьедин гьечIо амру. Дица гьел ахираталъул гIазаб гьезие цIикIине дунялалъул бечелъи ва рахIат кьун тун руго. **Гьеб амру гьедин букIин гьездаги лъалеб гьечIо.** Гьел руго хIайваназда релълъарал, щибго жоялъул пикру гьабуларел, ахIмакъал гIадамал. Гьез абулеб буго жидее дунялалда бечелъиги, васалги цогидаб кинабго хIажатаб жоги кьун бугин, гьеб кинабго жо нижее ахираталдаги букIине бугин, нагагь ахират букIунеб батаниян абун.

**56. Дица гьезие гьабулеб лъикIлъи буго абун ва жидер гIамалалда дун рази вуго абун.** Гьедин гьечIо амру. Дица ахираталъул гIазаб гьезие цIикIине дунялалъул бечелъи ва рахIат кьун тун руго. **Гьеб амру гьедин букIин гьездаги лъалеб гьечIо.**




**57. Жидеца Аллагьасда иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун гIибадат гьабулел муъминзаби;**

**58. Аллагьасул (عز وجل) аятазда ва мугIжизатазда иманги лъурал;**

**59. Аллагьасдехун щибго жо гIахьал гьабун ширкги гьабуларел;**

**60. Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун, гьесие мутIигIлъун паризаяб закат-сахIги кьолел.** Цогидал Аллагь разилъулел лъикIал гIамалалги гьарулел. **Ва жидеца гьабураб лъикIаб гIамал Аллагьас (عز وجل) къабул гьабичIого хутIиладай абун жал хIинкъун рукIулел.**

**6I. Церехун рицарал сипатал жидее ругел муъминзаби руго лъикIаб гIамал гьабизе гIедегIулел ва гьеб лъикIаб гIамал гьабизе жал цереги кколел.**

**62. Дица напсалда тIад къаларо гьелъие гьабизе кIолеб таклиф гурони. Дида аскIор руго лагъзадерица гьабураб кинабго гIамал тIад хъварал кагътал. Ахираталда гьел кагътазда рекъон лагъзадерил хIисаб - мизан гьабизе буго ва цониги чиясе зулму гьабизе гьечIо.**

**63. Гьел инкарчагIазул ракIал гьаб Къуръан бичIиялдаса гъапуллъун руго ва жидеда тIад тIалъел лъун бугел гIадин руго. Капурал гIадамазул цогиги гIемерал квешал гIамалал руго жидеца гьарулел ва хадурги гьаризе ругел. Гьел гIамалал сабаблъун жидее ахираталда абадияб гIазабги букIине буго.**

**64. Гьел капурал къавмазул церехъаби ва бечедал гIадамал дица гьаб дунялалдаго рукIун гIазабалдалъун къварид гьарураб мехалъ:** унта-шокълъи, ракъи, рагъ ва цогидал къварилъаби тIаде риччан, **гьел цIакъ гьаракь борхун ахIолел руго ва жидее кумек гьарун ахIи балелги руго.**

**65.** ТIадегIанав Аллагьас гьезул хIакъалъулъ абулеб буго: «**Нуж жакъа ахIи бан ахIоге! Нужее щибго квербакъи букIине гьечIо дир гIазабалдаса нуж цIунулеб!**

**66. Нужее дир Къуръаналъул аятал цIалулел рукIана. Амма нужеца гьел махсароде гьаруна ва гьезда гIамал гьабичIого мугъбан лъутун унел рукIана.**


**67. Гьеб Къуръаналда иман лъеялдаса нуж чIухIун рукIана ва сардилъ дандеги руссун нужедаго гьоркьоб Къуръан какун ва авараг гьереси гьавун, гьезда тIасан квешаб, къабихIаб хабар бицунелги рукIана - абун.**

**68. Гьез гьаб Къуръаналъул пикру ва тадбир гьабуларищ жидеда лъазе гьаб жо инсанасул калам гьечIеблъи. Яги жидехъе бачIараб гьаб Къуръан цересел умматазухъе бачIинчIеб жойищ бугеб жидеца гьелда инкар кквезе?** Аллагьасул (عز وجل) гIадат буго умматалда расул витIунеб, гьесухъе тIехьги рештIинабулеб. гьедин вуго нужехъе МухIаммад ﷺ вачIун ва гьесда Къуръанги рештIинабун.

**69. Яги гьал Маккаялъул мушриказда жив лъаларев чийищ вугев гьезухъе расуллъун витIарав МухIаммад ﷺ.**

**70. Гьадинал камилал сипатал жиндие ругев МухIаммад ﷺ жундуца ккурав чи вугин абунги кин гьез абулеб? гьел мушрикаца абухъин гьечIо иш. Гьев МухIаммад ﷺ вуго гьезухъе хIакъаб дин босун витIарав Аллагьасул расул. Гьаб амру гьадин букIин лъалеб бугониги Маккаялъул агьлуялъул гIемерисел жидее хIакъаб дин бокьичIел, гьеб рихарал руго.** Хъанчие лагълъи гьабиялъ, гьел алагьзабилъун кквеялъ жидер гIакъло арал, рекIелъ ахIмакълъи бугел руго.

**7I. ХIакъаб Аллагьасул динги дунялалъул гIуцIцIиги гьел гIадамазе бокьараб жоялда, гьезул гIакъло-тадбиралда рекъон хьвадулеб букIарабани,- гьал зобал ракьалги, гьезда жаниб бугеб кинабго гIадлу-низамги пасалъилаан, кинабго жоялъул тадбирги хвелаан. Дун гьел Маккаялъул мушриказухъе гьел хира гьарун,** гьезие Къуръан рештIинабун, гьездаса авараг гьавун вачIана. **Амма гьел мушрикал жидее бугеб хиралъиялдаса ва Къуръан кIодо гьабиялдаса руссун чIана.**




**72. Дуца гьел Къурайшияздаса ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо гурищ МухIуммад ﷺ, гьезухъе Къуръан щвезабиялда данде. Дуе бугеб ажро-кири Аллагьасдаса буго ва гьев Аллагь (عز وجل) жидеца ризкъи кьолезул бищунго лъикIав вуго.**

**73. Мун вуго МухIаммад ﷺ гьел гIадамал хIакъаб диналда ва битIараб нухалда ахIулев расул.**

**74. Жидеца ахираталда иман лъоларел, гьениб хIисаб-мизан ва алжан -жужахI букIин гьереси гьабулел гIадамал битIараб нухдаса къосарал руго.**

**75. Дица гьел мушриказда гурхIел гьабуни ва гьезда тIад бугеб къварилъи борхани, гьел цIидаса жидер купру-ширкалда жанир лъугьине руго, ва жидеца гьабизе кколеб хIакъаб дин гьабичIого къосиналъулъ ва гIасилъиялъулъ хьвадизе руго.**

**76. Дица дунялалъул рукъоб гьезул хIал бихьи гьабуна батIи-батIияб гIазаб гьабун, амма гьел жидер бетIергьанасе мутIигIлъичIо ва гьесие хIелун дугIа гьабичIо.** ракъи тIад биччан, унти къварилъи тIад биччан. Гьел жидер БетIергьан Аллагьасе (عز وجل)

мутIигIлъичIо, гьесие хIеличIо. Жидерго къосиналда чIана ва гьеб жидеда бачIараб къварилъи Аллагьасул рахъалъан букIиналда мукIурлъичIо. Гьез Аллагьасда (عز وجل) гьаричIо гьеб къварилъи тIаса босе абун ва Аллагьасда иманги лъечIо. Гьезул гIамалкIодолъи, чIухIи ва ахIмакълъи кутакаб букIиналъ гьанжелъизегIан гьел Аллагьасе (عز وجل) мутIигIлъичIо, гьанжеялдаса хадурги мутIигIлъизе гьечIо.

Гьаб чIухIараб къавмалъул ахирияб хIасил бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**77. Гьеб квешаб, чIухIараб ва залимаб къавмалда тIаде дица кутакаб гIазабалъул рагьо рагьараб мехалъ: къ**иямасеб къо бачIун гьелъул гучал гIазабал жидее рукIин якъинго лъараб мехалъ, **гьеб къавм кинабго гурхIелалдаса ва лъикIлъиялдаса хьул къотIараллъун рукIине руго ва гьел абадияб жужахIалъул гIазабалъулъги рукIине руго.**

**78. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго** нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав, **жинца нужее берги, гIинги, ракIги бижарав, гьездалъун нужеда жо бихьизе, рагIизе ва нужеца пикру гьабизе. Ва амма жидеца пикру гьабулел ва гьел кIудиял нигIматазда шукру гьабулел гIадамал цIакъго дагьал руго.**

**79. Жинца нуж рижарав ва гьаб ракьалда тIад хьвадизаруравги вуго БетIергьан Аллагь. Ахирги нуж киналго Аллагьасде (عز وجل) руссине руго**.

**80. Жинца нуж чIаго гьарулев ва нуж хвезе гьарулев вуго нужер БетIергьан Аллагь (عز وجل). Сордо къо цоялъ цояб хисиги, лъагIел свериги, зобал - ракьазул хьвадиги гьев Аллагьасул тадбиралдалъун буго. Гьаб иш кин нужеда бичIулареб ва Аллагьасда (عز وجل) иман кин лъолареб?**

**8I. Гьез цересел къосарал умматаз абуралда релълъараб рагIи абуна:**

**82. Гьез абуна: «Ниж хвезеги хун ракьлъун ва турарал рукьбилъун рукIун хадурги тIадейищ рахъинарулел?**

**83. Гьадинабго къотIи гьабун букIана нижеда цере рукIарал умматазеги, нижееги ва нижер умумузеги. Гьав аварагас нижеда бицуеб жо церегосел гIадамаз ургъараб гьересияб хабар буго»-абун.**

**84. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нужеда жо лъалеб батани дида бицеха дунялалъулги, гьалда тIад ва жаниб бугеб жоялъулги бетIергьанлъи лъихъ бугеб?»-абун.**

**85. Гьез абизе буго: «Аллагьасухъ (عز وجل) буго»-абун. Дуца гьезда абе: «Гьедин бугеб мехалъ нужеца гьелъул пикру щай гьабулареб ва гьелъул вагIзаги щай нужее лъугьунареб?»-абун.**


**86. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Гьал анкьалго зобалазулги, жиб цIакъ кIудияб гIаршалъулги бетIергьан щив вугев?»-абун.**

**87. Гьез абизе буго: «Аллагь (عز وجل) вуго»-абун. Дуца гьезда абе: «Нуж гьев Аллагьасда гIасилъизе хIинкъуларел щай?»-абун.**

**88. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Гьаб кинабго махлукъаталъул ханлъи ва ихтияр лъида кодоб бугеб? жиндихъе кIанцIарасе квербакъулев щив вугев? киналго данделъун ургъаниги жиндир амру хвезабизе ва хисизабизе хIал кIоларевги щив вугев? Гьеб жо бице дида, нуж гIелму-гIакъло бугел гIадамал ратани»-абун.**

**89. Гьез абизе буго: «Аллагьасе буго кинабго ханлъи, кинабго ихтияр ва гьунар-къуватги»-абун. Дуца гьезда абе: «Цинги нуж щиб жоялъ гуккун ругел ва нуж кире руссун ругел?»-абун.** Нужеца гьев Аллагьасда (عز وجل) иман щай лъолареб ва гьесие гIибадатги щай гьабулареб?

**90. Дун гьел мушриказухъе хIакъаб дин ва хIакъаб Къуръан босун вачIана, дица гьезухъ расулги витIана, амма гьез кинабго жо гьереси**



**гьабуна ва иман лъеялдаса руссун жидерго купру-ширкалд чIана.** Гьезие къиямасеб къоялъ щибго хIужа ва сабаб букIунаро дир жужахIалъул гIазабалдаса жал цIунулеб, дица щивниги чиясе зулмуги гьабуларо гьезухъе авараг витIичIого ва гьезухъе дин щвезабичIого гIазаб гьабун.

Капурзабазе инкар гьабизе кIоларел хIужаби рицун ва далилал рачун гьезда Аллагь (عز وجل) цо вукIин лъазабун хадуб ва гIибадат гьаби цохIо Аллагьасе гурони букIине бегьулареблъи бицун хадуб, ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьединалго мухIканал хIужаби рицун муширказ гьабулеб ширк батIулаб дин букIин бицана.

**9I. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндие васлъун щивго чи кквечIо. Гьев Аллагьгун (عز وجل) цадахъ цоги Аллагьги гьечIо. Нагагь цогиги аллагь вукIаравани гьев кIиясулго щивав цояв жинца бижараб жоялъул тадбир гьабулевлъун вукIинаан, цинги гьел цоцазде къацандун, цояв цоясда тIалъи гьабун хьвадилаан. Жив ТIадегIанав ва вацIцIадав вуго Аллагь (عز وجل) гьел мушрикаца жиндие гьарулел сипатаздаса.**

**92. Жинда загьирабги, батIинабги, бихьуда бугебги, жиб рикIкIадабги жо лъалев вуго гьев Аллагь (عز وجل). Гьел муширказ жиндехун ширк гьарулел гьересиял алагьзабадаса вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго Аллагь (عز وجل).**

**93. Дуца абе МухIаммад ﷺ: «Я дир БетIергьан! Дуца гьаб къавмалъе гьабулеб гIазаб дида бихьизабулеб бугони,**

**94. Дуца дун гьавуге БетIергьан, гьеб залимаб къавмгун цадахъ, ва гьелгун цадахъ гьалагги гьавуге»-абун.**


**95. ХIакълъунго дида кIола МухIаммад ﷺ, гьеб дур капураб къавмалъе къотIи гьабураб гIазаб дудаги бихьун гьезие гьабизе.**

**96. Муширказ ва мунапикъаца дуе гьабулеб квешлъи дудаса нахъчIвай гьездехун лъикIаб мушавара гьабун ва берцинаб хабар бицун. Дида лъала гьез бицунеб хабар ва гьез дуе гьабулеб къварилъиги. Дица гьезие гьеб гIамалалда рекъараб гIазаб гьабизе буго.**

**97. Дуца жегиги абе МухIаммад ﷺ! Дица дур цIаралдалъун гьарулеб буго БетIергьан, дун цIуне абун шайтIаналъ вас-вас ккезабиялдаса ва гьелъ дун батIулаб жоялда гьетIизавиялдаса.**

**98. Жегиги дица дурго цIаралдалъун цIуни гьарулеб буго БетIергьан, гьел шайтIаби дир амруялъулъ гIахьаллъиялдаса ва гьез дие зарал гьабиялдасаги.**

**99. Гьел муширказул цоясда хвел тIаде щвараб мехалъ ва рухI бахъиялъул захIмалъиги жинда бихьараб мехалъ, гьев Аллагьасде хIелула ва жинца абула: «Я дир БетIергьан! Дуца дун чIаго тун цIидаса дунялалда гIамал гьабизе виччай.**




**I00. Дица гIадада биччараб гIумру лъикIаб гIамал гьабун мун разилъулеб рахъалда сверизабизеян абун. Кисаха гьесие дунялалда тIад вуссин букIинеб? Гьаб буго гьес щибго хайир гьечIеб,.гIададисеб рагIи абулеб мех. Гьесул рухI бахъарабго, гьесдаги дунялалдаги гьоркьоб пардав лъугьула ва гьеб пардавалда нахъвукIула, къиямасеб къо чIун тIад вахъинавизегIан.**

**I0I. Къиямасеб къо чIун хварал гIадамал тIаде рахъинаризе сур пураб мехалъ, гьел гIадамазда гьоркьоб букIараб гIагарлъи ва гьудул-гьалмагъльи тIагIун букIула.** Гьеб къоялъ кинавго чи жиндир напсалда машгъуллъун вукIула. **Гьезул цониги чи вукIунаро цогидав чиясул хIал цIехолев.**

**I02. Гьеб къоялъ жиндир цIадираби лъикIаб гIамалалдалъун бакIлъарав чи вуго лъикIлъиялда квершел батарав ва жиндие алжан насиблъарав.**

**I03. Жидер цIадираялда лъикIаб гIамал дагьлъарал гIадамал руго жидеца напс чIобого хутIизабурал, гIадада хвезабурал гIадамал. Гьел жужахIалда жанир лъугьинеги гьарула даимго гьенир жанир рукIинелъун.**

**I04. Гьезул гьурмалги цIаялъ рухIулел рукIула, кинабго черхги цIаялъ бухIулеб ва цIидаса гьан бижун цогиги, цогиги нухалъ цIаялъ бухIулеб букIула.**

**I05.** Гьеб къоялъ жужахIалъул агьлуялда бадиб чIвай гьабун, гьезул ракI бекизабун, гьездехун абула: **«Нужее дир тIехьалъул аятал цIалулел рукIинчIищ, ва нуж гьел гьереси гьарун, гьезда иман лъечIого хьвадулел рукIинчIищ.** Жакъа бихьана гуришц нужеда дунялалда аварагзабаца бицунеб букIараб жо хIакъаб букIараблъи?»-абун.

**I06. Гьеб капураб къавмалъ абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Нижер иман гьечIолъиялъ ва бахьикъосиялъ гьаруна ниж гьаб къоялде ккезе, ниж хIакъаб диналдаса къосараллъунги рукIана.**

**I07. Я нижер БетIергьан! Дуца ниж гьаб жужахIалдаса къватIир рахъизарун цIидаса дунялалде риччай дуе гIибадат гьабизе. Гьеб мехалъ нижеца дудехун гIасилъи гьабуни цинги ниж рукIунаха тIобанго къосарал, нижерго напсазе зулму гьабулел гIадамал»-абун.**

**I08. Аллагьасул рахъалъан гьезда абула: «Нуж тIагIа цереса! гьеб цIеда жанир тIепун чIа ва дидехун щибго калам гьабуге!»-абун.**

**I09. Дида иман лъурал муъминзабазул цо къокъа букIана жидеца абулел: «Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Нижеца дуда иман лъуна, дур аварагги ﷺ ритIухъ гьавуна, дур Къуръанги къабул гьабуна. Дуца нижер мунагьал чуре ва мун нижеда гурхIа! ГурхIел гьабулезул бищунго лъикIав вуго Мун»-абун.**

**II0. Гьел муъминзаби махсароде гьарун нуж гьезда тIад релъанхъулелги рукIана. Гьеб гIамалалда руссун нужеда дун БетIергьан вукIинги кIочон тана ва дир гIазаб ракIалда щолебги букIинчIо.**

**III. Гьел муъминзабазе дица жакъа цIакъ лъикIаб жаза гьабуна, гьез дунялалъул рукъоб дие гIибадат гьабиялда тIад чIун ва нужер къварилъи - гIазаб хIехьон сабро гьабиялда данде. Гьел алжаналъул нигIматазда жидер квершел батараздаса руго.**

**II2. Капурзабазде Аллагьасул рахъалъан абула: «Нужеца дунялалъул рукъоб чан сон бараб?»-абун.**

**II3. Гьез абула; «Гьениб нижеца цо къо бан батила, яги цо тIобараб къоцин бан батиларо. Гьеб жо гьикъе жидеда хIисаб гьабизе лъалел гIадамазда»-абун.**

**II4. Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан абула: «БитIараб буго нужеца бицунеб жо. ЦIакъ дагьаб заман бана нужеца дунялалда**, гьанже хадуб абадияб жужахIалда базе бугеб заманалда данде ккун. **Нуж гIакъло бугел, жо лъалел гIадамал рукIаралани** нужеда дунял хIакъираб, жиб тIаса унеб жо букIин лъазе букIана.

**II5. Нужеда ракIалдайщ кколеб, я гьал гIадамал, Дица нуж гIададаго, щибго мурад гьечIого рижанин ва нуж ахираталда дида руссинеги гьечIин абун.**

**II6. Жив ТIадегIанав, жиндир гуч ва ханлъи бергьарав вуго Аллагь (عز وجل). Жив гурев цоги Аллагьги гьечIо. Хирияб гIаршалъул БетIергьанги вуго гьев Аллагь (عز وجل).**

**II7. Щибго жидее хIужа-далилго гьечIого гьев Аллагьасда ширк гьабун жидеца алагьзабилъун ккурал хъанчазе, хIайваназе ва гIадамазе лагъълъи гьабулел гIадамазул хIисаб-мизан гьезул БетIергьанас гьабизе буго. Гьеб хIисаб-мизан гьабулеб къоялъ капурзабазул ва мушриказул лъикIлъиялда квершел батуларо.**


**II8. Дуца абе МухIаммад ﷺ! «Я дир БетIергьан: Дуца дир мунагьал чуре, мун дидаги гурхIа, жидеца гурхIел-рахIму гьабулезул бищунго лъикIав вуго мун» - абун.**

Гьаб дугIа буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Аллагьас (عز وجل) «дуца абеян»- амру гьабун бугониги, гьев аварагасул умматалъ гьабизе тIадаб дугIа. Гьел ругелъул жидер мунагь-хатIа кколел, жидеца Аллагьасда гIасилъаби гьарулел ва гьев Аллагь (عز وجل) гурхIун, гьев тIаса лъугьун гурони жиде хвасарлъи гьечIел.

Аллагьума я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Мун нижеда гурхIа кинабго махлукъаталда гIаммаб дур гурхIелалдалъун. Дуца нижер мунагьалги рахче, мун нижеда тIасаги лъугьа. Церехун гьарун арал квешал гIамалаздаса гьабураб нижер тавбоги къабул гьабе, хадусеб гIумруялъ мун разияб гIамал гьабун хьвадизе тавпикъги гьабе. Нижер ахирияб хIухьелги мун цо гьавун, дур авараг ритIухъ гьавун босулеблъун гьабе. Ахираталда дуда цере чIараб къоялъги мун гурхIун, дур цIоб-рахIматалдалъун мун разияб агьлугун цадахъ нигIматазул алжаналда лъугьинаре: «Аллагьума Амин».

**24. Сурату-Ннури**

жинда жаниб лъабкъоялда ункъго аят бугеб.




**I. Гьаб буго МухIаммад ﷺ, дица дуда рештIинарурал Къуръаналъул сураташдаса жиндир къадро кIудияб сурат.** Гьаб сурат рештIинабуна ва гьелда жанир рицарал шаргIиял ахIкамалги **дуда ва дур умматалда тIад парз гьаруна. Дица гьаб сураталда жанир жидер магIна баянал, жидеца шаргIиял хIукмаби рицунел аяталги рештIинаруна.** Гьел аятал цIализе, гьезда гIамалги гьабизе **ва гьездаса вагIза - насихIат босун,** Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун, гьесие гIибадат гьабун **нуж хьвадизе.**

**2. Жинца зина гьабурай гIадан ва жинца зана гьабурав чи,** шаргIияб магьари лъун рос лъадилъун рукIинчIел гIолилал ругони**, нужеца гьезие хIад гьабе щивав цоясе нусго тIил кьабун. Аллагьасул (عز وجل) хIад гьаби тIалъараб мехалъ нужеца гьел гIадамазада гурхIел гьабун хIад гьабичIого тоге. Нуж Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъурал гIадамал ратани, нужеца Аллагьасул (عز وجل) хIадги шаргIалда рекъон тIубазабе. Гьел зиначагIазе гIазаб гьабулеб мехалъ муъминзабазул цо къокъаги букIа гьеб гIазаб гьабулеб бакIалда.** Гьелдалъун дол зиначагIи нечезаризе ва гьеб къабихIаб пиша гьабиялдаса цогидал гIадамалги нахъчIван чIезе.

**3. Жинца зина гьабулев чияс зина гьабуларо** ва чIужулъун ячунаро **зиначIужу гурони яги хъанчие лагълъи гьабулей, цIадуе лагълъи гьабулей чIужу гурони. Жинца зина гьабулей чIужуялда зина гьабуларо гьелдаго релълъарав зиначияс гурони яги мушрикасги гурони.** Гьей чIужулъунги ячунаро гьелдаго релълъарал чорокал, къабихIал гIадамаз гурони. **Гьеб зина гьаби ва зина чагIазулгун ригьин гьаби Аллагьас (عز وجل) муъинзабазе хIарам гьабун буго.**

**4. Жидеца рацIцIадал муъминал руччабазда «зиначIужу» абун рогьоб барал гIадамазда, гьеб зина гьабунин абун нугIлъи гьабулев ункъго чиги гьечIони, нужеца гьезда ункъого тIил кьабе. Гьезул нугIлъиги къабул гьабуге абадиялъго, гьел руго пасикъал, Аллагьасе (عز وجل) мутIигIлъиялдаса рахъарал гIадамал.**

**5. Гьеб кIудияб мунагь гьабун хадуб жидеца тавбо гьабурал гIадамални гьечIо пасикъзаби.** Жиндир мунагьазада ракI бухIун, **жидеца лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) тавбо къабул гьабулев ва жив гурхIулев вуго.**

**6. Жидеца жиндир чIужуялъ зина гьабунин абурал ва жалгун цадахъ цоги нугIзалги гьечIел, гьев чияс ункъго нухалъ Аллагьасул цIаралдалъун гьа гьедун нугIлъи гьабизе ккола, жинца бицунеб жоялъулъ жив ритIухъав вуго абун.**

**7. Щуабилеб нухалъги гьес гьа гьедун абизе ккола дида Аллагьасул нагIана батаги, дица гьереси бицунеб батани абун.**


**8. Гьев чиясул чIужуялдаса гIазаб нахъчIвала:** гьев росасул нугIлъиялдалъун жинда тIалъараб зинаялъул хIад нахъчIвала, **гьей чIужуялъ ункъго нухалъ Аллагьасул цIаралдалъун нугIлъи гьабиялъ гьев рос жинца гьереси бицунев чи вугоян абун.**

**9. Щуабилеб нухалъги Аллагьасул цIаралдалъун гьедун гьей чIужуялъ абизе кола: «дида Аллагьасул ццим бахъаги гьев росас бицунеб жо битIун батани»-абун.**

**I0. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) гурхIел-рахIму букIун гурони ва гьесул цIобги букIун гурони,** нужеда цIакъ кIудияб гIакъуба гIазаб щвелаан. **Киниги ТIадагIанав Аллагь (عز وجل) тавбо къабул гьабулев, жиндир хIукму - къадаралъулъ хIикмат-пайда бугеб иш гьабулев вуго.**

АбусагIудица абуна: ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб аяталда жаниб рехсараб хIукму гьаб хIалалъ мухIкан гьабун букIинчIебани, гIемераб къварилъи ккезе бегьилаан. Росас жиндир чIужуялъ зина гьабуна абураб мехалъ гьев росгун цадахъ цоги лъабго нугI гьечIони гьесда рогьоб баялъул хIад

кьабизе кколаан, гьев жинца бицунеб рагIиялъулъ ритIухъав вугониги. Гьелдаги тIад гьев гIадамазда цеве гIодогIанлъун, нечаравлъунги хутIилаан. Гьев росасул нугIлъиги босун дой чIужуялда хIад гьабуни, дой жиндир рахъкквезе рес гьечIей, жий цIунизе сабаб гьечIейлъун ккелаан. Жив ТIадегIанав ва вацIцIадав Аллагьас (عز وجل) гьал кIиялго ращад гьарулеб хIукму гьабуна: кIиязулго гьа къабул гьабуна ва гьезул хIакъикъияб амру Аллагьас (عز وجل) жиндаго тIамун тана: ахираталда гьезул цоялал гьересиял рукIина ва гьесие мустахIикъаб жаза гьабила.




**II. Жидеца цIакъ кIудияб гьереси бицарал ва бугьтан лъурал гIадамал нужедаса цо къокъа буго.** Цо чи гьечIо, кIиго чиги гьечIо, гIезегIанго гIадамал руго жал шайтIаналъ къосизарурал. Гьеб къокъаялъул цевехъан мунапикъзабазул бетIер ГIабдуллагь бину Убаю вукIана, жинца гьеб хабар тIибитIизабурав ва гьелда гIадамалги божизарурав. Гьеб кIудияб бугьтанги Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасул чIужу, Абубакарил (ра) яс ГIаишатида лъураб бугьтан букIана. Гьеб бугьтаналъул хIакъалъулъ Аллагьас ( عز وجل) анцIго аят рештIинабун буго (II-20). ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Нужеда ракIалда ккоге я гьал муъминзаби гьеб бугьтан лъей нужее квешаб жо бугин абун. Гьеб нужее лъикI буго.** Гьеб бугьтан лъеялдалъун гIемерал мунапикъзаби ва иман загIипал гIадамал загьирлъана. **Гьеб бугьтаналъул хабаралъулъ гIахьаллъаразе щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жаза букIине буго. Ва Амма гьеб бугьтан лъеялъулъ бищунго кIудияб иш гьабурав ГIабдуллагь бину Убаю цIакъ кIудияб гIазабалъулъ жужахIалда вукIизе буго.**

**I2. Гьел муъминал бихьиназда ва руччабазда квешаб хабар рагIараб мехалъ, гьеб хабаралда божичIого: «гьединаб жо жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатица гьабуларо, гьеб цIакъ кIудияб гьереси ва бугьтан бугоян»-абун букIарабани, гьеб гьезда рекъараб букIана ва лъикIабги букIана.**

**I3. Гьеб хабар бицарал гIадамазда тIадаб букIана гьелъие нугIлъи гьабулев ункъго нугIги вачун рачIине. Гьедин жал рачIинчIеб мехалъ Аллагьасда (عز وجل) аскIор гьел рукIуна жидеца гьереси бицунел ва бугьтан лъолел гIадамал.**

**I4. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) цIоб - рахIмат букIун гурони ва гьев нужеда гурхIунги вукIун гурони, я гьал муъминзаби, нужеда цIакъ квешаб гIазаб щвезе букIана гьеб хабар бицин сабаблъун. Дунялалда ва ахираталда муъминзабада жив гурхIулев вуго Аллагь (عز وجل)** Гьеб гурхIелалдалъун нужее гIазаб гьабичIо ва нужер тавбо къабул гьабуна.

**I5. Гьеб хабар нужер кIалаз бицулеб мехалъ ва гьеб бицулезда гIенеккун, нужеда хIакъикъат лъалареб жо, цогидаздаги бицулеб мехалъ, - нужеца гьеб бигьаяб иш бугин пикру гьабуна. Амма Аллагьасда (عز وجل) аскIоб гьеб цIакъ кIудияб мунагь буго.**


**I6. Гьеб хабар рагIараб мехалъ нужеца абун букIарабани: «нижеда гьадинаб хабар бицизе рекъоларо, вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго Аллагь (عز وجل)! Гьаб хабар цIакъ кIудияб бугьтан бугоян»-абун, гьеб нужее цIакъ лъикI букIинаан,** гьеб хабар бицулезда гIенеккиялдаса ва цогидаздаги бициналдаса.

**I7. Аллагьас (عز وجل) нужее вагIза-насихIат гьабулеб буго гьанжеялдаса хадуб гьединаб жо нужеца гьабичIого букIине. Нуж Аллагьасдаги гьесул аварагасдаги ﷺ иман лъураллъун ратани нужеца гьаб вагIза босе ва гьелда гIамал гьабе!**

**I8. ТIадегIанв Аллагьас нужее жиндир аятал ва хIикматал баян гьарула:** жиндир шаргIиял хIукмаби рицула, берцинал тIабигIатал лъазарула. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго жинда кинабго жоялъул хIакъикъат лъалев ва лагъзадерил тадбир гьабиялъулъ хIакимияв:** гьезие пайда бугеб жо гурони гьабуларев.

**I9. Муъминзабазул хIакъалъулъ квешаб, къабихIаб хабар тIибитIизаби бокьарал гIадамазе гьаб дунялалдаги хадуб ахираталдаги цIакъ квешаб гIазаб букIизе буго. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго киналго умуразул загьирабги батIинабги хIукму ва хIакъикъат. Нужеда лъаларо нужее бихьулеб, ругIулеб жо гурони.**

**20. ТIадегIанав Аллагьасул гурхIел ва цIоб-рахIму букIинчIебани,** нужее цIакъ гучаб гIазаб ва гьалаг гьари гьабилаан. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго жив цIакъ гурхIулев, жиндир гурхIел кинабго гIаламалда гIамлъарав.**




**2I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж шайтIаналъул нухазда хьвадуге** ва гьелъ берцин бихьизабураб жо гьабуге! **Гьелда нахъвилъларав чиясда гьелъ къабихIаб ва шаргIалда хIарамаб, Аллагьасеги аварагасеги рихараб жо гьабе абун амру гьабула. ТIадегIанав Аллагьасул гурхIел цIоб букIинчIебани нужер цониги чи гьеб шайтIаналъул макруялдаса ворчIизе вукIинчIо ва** гьев даимго мунагь гьабулевлъун хутIизе вукIана. **Киннигги Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи гьеб шайтIаналдаса цIунула. ТIадегIанав Аллагь вуго жинда нужер кинабго хабар ругIулев ва нужеца гьабулеб кинабго гIамал лъалев.**

**22. Аллагьас (عز وجل) жиндие боцIи-мал кьурав, гIелму-динги кьурав, Аллагьасдаса хIинкъиги кьурав чи гьедуге гIагарал гIадамазе, мискинал чагIазе, Аллагьасул диналъе гIоло гьижра гьабурал муъминзабазеги лъикIлъи гьабиларин ва напакъаги кьеларин абун.** Гьез мунагь гьабунин абун нужеца гьел рикIкIад гьаруге ва гьезие гьабулеб букIараб лъикIлъи къотIизабуге. **Нуж гьездаса тIаса лъугьа ва гьезул мунагь-хатIа бахчун те. Нужее бокьун гьечIищ Аллагьас (عز وجل) нужер мунагьал рахчизе ва нужеда гьев гурхIизе?** Гьеб нужее бокьун батани нужецаги гIадамазде гурхIел гьабе ва гьездаса тIаса лъугьа! **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулев вуго.**

**23. Жидерго черх цIунарал, Аллагьасда (عز وجل) иманги лъурал, чорокаб, къабихIаб жо жидер реакIелъги лъугьуларел,** гьеб гьабизе ракIалда щоларел **руччабазда гIунтIизабун жидеца гьереси бицарал ва гьез зина гьабунин абулел гIадамал Аллагьасул рахIматалдаса рикIкIад гьарурал руго гьаб дунялалдаги, хадуб ахираталдаги ва гьезие цIакъ кутакаб жужахIалъул гIазабги букIизе буго.**


**24. капурзабазе, мушриказе ва мунапикъзабазе жужахIалъул гIазаб гьабулеб къо** ТIадегIанав Аллагьас гьезул кIалазда мугьруги чIван, гьезул лугби кIалъазарулеб къо буго. **Гьезул мацIазги, кверазги, хIатIазги Аллагьасда цебе нугIлъи гьабулеб жидеца гьабураб гIамалалдалъун,** ва Аллагьасде (عز وجل) гIасилъиялдалъунги.

**25. Гьеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) хIакъаб хIалалъ лагьзадерил хIисаб гьабизе буго ва гьезул гIамалазда рекъараб жаза гьабизе буго. Гьеб къоялъ кинавго инсанасда лъазе буго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гIадлу битIарав ва хIукму баянав хан вукIин.** Жиндир шаригIатги, гьелда рекъон гьабулеб хIукмуги щибго жинда жаниб зулму ва хиянат гьечIеб букIин.

Гьал аятаздаса хадуб ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) мухIканал далилал рицун ва инсан мукIур гьавулел гIакълиял хIужжабиги рачун, Аллагь разилъаяй ГIаишатги, гьелдаго релъълъун цогидал аварагасул руччабиги, жидер иман камилал, жидеца черх цIунарал муъминал руччабиги, къабихIаб жо гьабулел рукIунареблъи бицунеб буго. ТIадегIанав Аллагьасул гIадат буго щибаб жинс жинда рекъараб жинсалда гIагар гьабулеб ва данде гьабулеб. ТIолго гIаламалъулго сайдлъун вугев хирияв аварагасда ﷺ ГIаишат Аллагьас данде гьайи буго бищунго кIудияб далил гьей яцIцIадай йикIиналда ва муъминзабазул эбеллъун йикIине мустахIикъай йикIиналдаги. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**26. Жидер черх ва напсалъул къадро цIунуларел чорокал руччаби гьездаго релъарал чорокал бихьиназе руго. Гьединго жидер черх ва къадро цIунуларел чорокал бихьинал гьездаго релълъарал чорокал руччабазе руго. Жал рацIцIадал бихьинал жидедаго релълъарал рацIцIадал руччабазе руго. Жал рацIцIадал руччабиги жидедаго релълъарал рацIцIадал бихьиназе руго. Гьел рацIцIадал муъминзаби жидеда щибго гIайиб гьечIел руго ва гьезул хIакъалъулъ мунапикъзабаца бицунеб хабаралдаса рикIкIадал руго. Гьел муъминзабазе Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан мунагьал чури буго ва ахираталда алжаналъул хирияб ва сахаватаб ризкъиги буго.**

**27. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж, нужер гуреб рукъор лъугьунге, гьеб рукъалъул агьлуялдаса изну тIалаб гьабун хадур гурони. Гьез изну кьураб мехалъ гьезие саламги кьун лъугьа рукъор.** Щибго изну гьаричIого, тохлъукьего лъугьиналдаса**, гьедин лъикIаб буго рукъор лъугьине. Нужеца гьаб адаб цIуне ва Къуръаналъул вагIзаги босе.**




**28. Нужеда гьеб чияр рукъов щивго чи ватичIони, нужее изну кьезегIан гьенир жанир лъугьунге. Нагагь нужее жанир лъугьизе изну кьечIого, нуж нахърусса абуни, нуж нахърусса. Ва гьарун, хIелун гьеб рукъалъул агьлуялъе зарал гьабуге. Гьедин нахъруссин нужее лъикIаб буго** гьенир эхетун чIеялдаса ва гьезие къварилъи гьабун гьариялдаса.

**29. БетIергьанчи гьечIеб, киналго гIадамаазе гIаммаб бакIалда жанир лъугьанин абун нужее мунагь-хIакъ гьечIо.** Гьеб буго сапарчагIазе нухда бараб питер (гостиница), гьединго гIадамал цIализе ва жанир чIезе рарал мадрасаби ва цогидалги гьезда релъларал гIаммал бакIал. **Гьел руго нужее мунпагIаталъе рарал рукъзал. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго нужеца загьирго ва балъго гьабулеб жо.**

**30. Дуца муъминзабада абе МухIаммад ﷺ, хIарамаб бакIалда ралагьиялдаса берал цIуне абун, хIарамаб хIалалъ хIалтIизабиялдаса жидер алатги (гIавратги) цIуне абун. Гьедин хьвади гьезие лъикIаб буго ва гьел къабихIаб, хIарамаб жоялдаса цIунулебги буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) лагъзадерица гьабулеб гIамал жинда лъалев вуго.** Гьез балъго гьабулебги, загьирго гьабулебги жо щибго батIалъи гьечIого жинда лъалев вуго. Гьедин бугелъул нуж Аллагьасдаса хIинкъа кинабго хIалалъулъ ва гьесдаса балъго хутIилин абун ракIалда ккун, шаргIалъул гIорхъаби хвезаруге.

Гьаб аяталда жаниб бер цIуни цебе рехсана гIаврат цIуниялдаса. Гьеб бер букIиналъе гIоло зинаялъул чапар ва къабихIаб иш жиндалъун бай бихьулеб бакI. Бер балагьиялдаса бай бихьула дуе хIарамай чIужуялъулгун лъай-хъвай гьабизе, гьелъул черхалъул хал гьабизе ва гьеб бер нахъбусинабичIони ва Аллагь (عز وجل) ракIалда щун, гьесдаса хIинкъун хIарамаб жоялда валагьи течIони, гьелда тIаде цIакъ кIудиял балагьал рачIуна. Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Цо бусурманав чияс чIужугIаданалъул берцинлъиялда бер балагьараб мехалъ, цинги гьеб бер нахъе босун жив гIодов вуссараб мехалъ, гьесие Аллагьасе гIибадат гьабизе квербакъи ва гьуинлъи кьола»*-абун.


Жинда Аллагь разилъаяв ГIали асхIабасдаса бицараб хIадисалдаги буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дида абуна: *«Мун валагьуге чIагояв яги хварав чиясул мачIчIалда»*-абун.

**3I. Дуца муъминал руччабаздаги абе МухIаммад ﷺ, жидеца бер цIуне абун** хIарамаб бакIалда балагьиялдаса **ва жидер гIавратги (парж, алат) цIуне абун.** ХIарамаб хIалалъ хIалтIизабиялдаса гIаврат цIуне абун ва хIарамаб хIалалъ черх цебе лъун хьвадиялдасаги цIунун рукIа абун**.**

**Ва жидер берцинлъи загьир гьабугеянги абе гьел муъминал руччабазда, жиб загьирабго, бахчун букIунареб берциналъи гурони.** Загьираб берцинлъи бугин абуна гIалимзабаца тIад ретIараб ретIел ва гьумерги, кIиябго кверги. **Гьел руччабаца жидерго кIазал тIаде раче абе жидер габуралда ва кереналда,** гьеб бахчун, щибго жо бихьулареб хIалалъ бетIералдаги черхалъул тIасияб рахъалдаги кIаз чIвай (бай). **Жидеца черхалъул берцинлъи ва курхьин кIиликI лъолел бакIал рихьизаруге абе жидерго росабазе гурони. Жидерго инсуе яги росабазул инсуе гурони. Жидерго васазе яги росабазул васазе гурони. Жидерго вацазе яги вацазул, яцазул васазеги гурони. Муъминал руччабазе, яги жидер лагъзадерие гурони. Руччабазда хьул лъоларел херал, гIузруял гIадамазе яги гIисинал лъималазе гурони.**

**Жидеца хIатIалги гIодор кьабуге абе гьел хIатIазда ругел курхьабазул гьаракь рагIизабизе. Нуж киназго тавбо гьабун нуж Аллагьасда (عز وجل) русса, я гьал муъминзаби. ТIадегIанав Аллагьас нужер тавбо къабул гьабила ва нужер дунялалъулги ахираталъулги лъикIлъиялда квершел батила.**

Жинда Аллагъ разилъаяв ГIали асхIабас абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дида абуна: «Я ГIали (ра)! Дуца цо нухалъ бер щвараб хIарамаб бакIалда кIиабизе бер балагьуге! Дуе изну буго авалаб бер балагьиялъулъ, амма кIиабизе валагьизе изну гьечIо»*-абун. Гьаб хIадисалъул магIна буго: Аллагьас (عز وجل) инсанасе бер жиндалъун валагьизе бижун бугелъул, гьеб бер балагъун букIуна ва гьеб хIарамаб жоялда тIад ккезеги бегьула. Гьедин хIарамаб бакIалда бер щвараб мехалъ гьеб нахъе босизе ккола ва гIодоб буссизабизе ккола. Гьедин гьабичIого валагьун чIани, яги тIад вуссун валагьани, гьелъул мунагь ва хIарамлъи букIула.




**32. Нужеца ригьин гьабе, я гьал муъминзаби, ва рослъадилъун гьечIел гIадамал цоцазде данде гьаре. Гьединго нужеца ригьин гьабун данде гьаре нужер иман-дин бугел лъикIал гъарабашалги. Гьел ригьин гьабун данделъулел гIадамал жидер боцIи-мал гьечIел пакъирал гIадамал ругони, Аллагьас (عز وجل) гьезие магIишат кьезе буго. ХIакълъунго Аллагъ (عز وجل) жиндир сахавалъи бергьарав вуго, жинца ризкъи кьолев ва жинда лагъзадерил маслахIат лъалев вуго.**

**33. Ригьин гьабизе рес рекъечIел гIадамаз Аллагьасдаса хIинкъун жидер черх цIуне ва хIарамаб жо гьабуге, Аллагьасул цIобалдалъун жиде гьеб ригьин гьабизе рес рекъезегIан. Нужер гъарабащаллъун ругел гIадамазе бокьани гьезда тIаде къотIараб боцIиги нужее кьун, жал тархъун хIурияллъун рукIине, нужеца гьел тIад боцIи къотIун хIалтIизе риччай, гьез хIалтIи гьабулеблъи ва гьел аманат бугел рукIин нужеда лъалеб бугони. Нужеца гьел тархъун инзе, цинги гьезие квербакъиялъе букIине, Аллагьас (عز وجل) кьураб боцIиялдаса садакъаги кье. Жидее къабихIаб жо гьабизе бокьуларел, жидер напс цIунарал гъарабашал нужеца хIалги гьабун зина гьабизе тIамуге!** Гьелдалъун нужее боцIи тIалаб гьабун ва нужер гьудулзаби-гьалмагъзаби гьезда аскIор регизе ритIун. **Гьедин зина гьабизе гъарабашал тIамураб мехалъ ва гьел жидер напс цIунизе кIоларелги ругеб мехалъ, гьездаса Аллагъ (عز وجل) тIаса лъугьула ва гьезда Аллагъ гурхIула.** Ва амма гьел зина гьабизе тIамурал гIадамаздаса Аллагьас цIакъ рецIел босизе буго ва гьезие гучаб гIазабги гьабизе буго.


**34. Дица нужеда жал баянал ва жидеца хIакъаб жо бицунел Къуръаналъул аятал рештIизаруна, я гьал муъминзаби! Нужеда цере рукIарал умматазул мисалалги рачана, гьезул къисабиги рицана нужеца пикру гьабизе ва вагIза босизе. Гьаб Къуръанги, гьалда жанир ругел**

**ахIкамалги Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабазе мунпагIат босизе, гьел хIакъаб нухалда тIоритIизе бугеб вагIза-насихIатал руго.**

**35. ТIадегIанав Аллагь вуго зобал ракьал жинца гвангъизарурав Нур.** Жиб загьирлъиялъулъ, жиндир гвангъиялъулъ **Аллагьасул нуралъул мисал буго жинда жаниб чирахъ бугеб рукьалъул къадалъ гьабураб гьитIинаб гордоялде релълъун.** Гьеб гордо цIвакараб матIугIадаб, жинца канлъи цIикIкIизабулеблъун бугеб. **Гьеб чирахъги цIорол шишаялда (лампаялда) жаниб бугеб. Гьеб цIорол лампаги жавгьар якъут гIадин жиб кенчIолеб. Гьеб чирахъ бакулеб нахги жиндир баракат бугеб зайтуналъул гьветIалъул пихъалдаса бугеб. Гьеб зайтун тIад бижараб гьветIги бакъ баккуда гьечIого яги бакъ тIерхьуда гьечIого бацIцIадаб алахалъул гохIда тIад бугеб.** ТIубараб къоялъго жинда бакъул чIорал речIчIулеб ва гьелдалъун жиндир пихъги лъикI барщулеб, ва жиндир нахги цIакъ бацIадаб, берцинаб букIунеб. **Гьеб гьветIалъул пихъалдаса гьабураб нах жинда цIа бакичIониги канлъи кьелеб гIадаб бугеб. Нуралдаги тIад нур бугеб гIадаб мисал буго гьаб.** Жиб бакараб чирахъалъул нур, гьеб чирахъалда тIад лъураб цIорол шишаялъул нур, гьеб чирахъ жаниб лъураб матIугIан цIвакараб гордоялъул нурги. Гьал киналго нурал цоцалъ журан жиб камилаб, гвангъараб нур лъугьун букIунеб.

**Жиндир нурлъун бугеб Къуръаналда тIовитIула Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи. ТIадегIанав Аллагьас гIадамазе мисалал рачула,** гьезда жив цо вукIин ва жиндир хIалкIолъи гучаб букIин бичIчIизабула. **Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев.**

**36.** ТIадегIанав Аллагьасул (**عز وجل**) рукъзал руго масжидал, гьес раеян амру гьабурал ва гьел кIодо гьареянги абурал. **Гьел рукъзабахъ Аллагьасе гIибадат гьабула,** гьесие какал ран, Къуръан цIалун, гIелму лъазабун. **Радал бакъанида** ва щибаб паризааб какил гIужалъ **Аллагьасе какалги рала.**




**37.** Гьенир жанир гIемер чIолел бахIарзал руго **жал дунялалъул даран - базаралъ Аллагь (عز وجل) рехсеялдаса машгъул гьаруларел, паризааб как гIужда бан, рукугI-сужда камил гьабун баялдаса, закат кьеялдасаги машгъул гьаруларел. Жидер ракIалги, бералги хIинкъун сверседулеб къиямасеб къоялъул гIазабалдаса хIинкъун, Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабулел. 38. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьезул гIамалазда данде жаза гьабула гьез гьабураб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб**. Гьезул гIайибалги Аллагьас тIаса лъугьун тола, **жиндирго цIоб-рахIматалдалъун Аллагьас гьезие жегиги лъикIлъи цIикIкIизабула** ва лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъги гьабула. **Аллагьасе бокьарав чиясе ризкъиги кьола гIатIидго, щибго хIисаб гьечIого.**

**39. Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал гIадамаз дунялалда гьарулел рукIарал лъикIал гIамалал, гьез жидее ахиратада мунпагIат гьабилин хьулги букIарал, гьел гIамалал руго бакъ багIарараб мехалъ алахалда бихьулеб мираж гIадаб жо:** Ракьалда тIад лълъин билълъун унеб бугин ккола цо-цо мехалъ гIемерго багIари цIикIидалго. Гьелда абула мираж абун. **Гьаб мираж къечон вугев чиясе лълъим бугилан ракIалда ккола. Цинги жив гьеб тIалаб гьабун цевехун индал, жинде щибго жо батуларо.** Гьединаб буго капурчиясул гIамалалъул мисал. Гьесие гьеб ахираталда батуларо. **Ахираталда гьесие Аллагь (عز وجل) ватула жиндие жаза гьабизе хIадурун ва гьесул гIамалазда рекъон гьесие жужахIалъул гIазаб гьабула. ТIадегIанав Аллагь жинца хIисаб цIакъ хех гьабулев вуго.**

**40. Гьел капурал гIадамазул мисал гъваридаб ралъдал тIинада букIунеб бецIлъиялда релълъун буго; цоялда тIад цоги карачел бачIунеб. Гьел карачелазул бецIлъиялда тIадги накIкIазул бецIлъи бугеб. Цоязда тIаде цогиги бецIлъи букIунеб ва жинца квер цебе ккун валагьани, жинда гьеб квер бихьулареб.** Гьесул рагIиги бецIлъи буго, гIамалги бецIлъи буго, гьев


лъугьунеб бакIги бецIлъи букIуна (хоб), гьев къватIив вахъулеб бакIги бецIлъи букIула. Ахираталда гьев жанив вуссунеб жужахIги бецIаб, махIцараб рукъ буго. **Аллагьас жиндие нур гьабичIев чиясе** ( иманалда тIовитIун хIакъаб диналда вачичIев чиясе). **Гьесие нур букIунаро.** гьев нуралда вачулев ва гьев тIовитIулев чи вукIуларо.

ТIабигIаталъул гIелму лъалев цо гIалимчиясда гьаб аят цIалулеб рагIараб мехалъ (40 аят) гьев чияс гьикъана: авараг ﷺ гамаялда рекIун ралъадалда тIаде хьваданищ абун?-абун. хьвадичIоян абидалго, дов чияс абуна: дица нугIлъи гьабулеб буго гьев МухIаммад ﷺ Аллагьасул расул вугин- абун. Дуда гьеб кин лъарабан гьикъидалго, гьес абуна: «Ралъадалъул карачелазул хьвади бицараб гьаб гIелму лъаларо гIумруялъго ралъдада тIад гамида рекIун хьвадулев, гьеб ралъад багъарун, гьелъул хIинкъиги чIамурав чиясда гурони. Гьев МухIаммад ﷺ ралъдада тIад хьвадичIо абун бицидал дида лъана гьес бицараб рагIи Аллагьасул (عز وجل) калам букIин»-абун.

**4I. Дуда лъаларищ МухIаммад ﷺ, ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIин зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъаталъ жиндие тасбихI гьабулев.** Жив вацIцIад гьавулев ва тIадегIан гьавулев. **Зобалазда мохъал гьарун, куркьби щвакун роржулел хIанчIацаги Аллагьасе тасбихI гьабулеблъи лъаларищ дуда? Кинабго махлукъ гьелъ гьабулеб гIибадаталда Аллагьас тIобитIун буго. ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) лъала жиндир лагъзадерица гьабулеб гIибадат.** Ва гьезие лъикIаб жазаги гьабизе буго.

**42. ТIадегIанав Аллагьасе буго зобал ракьазулги, кинабго махлукъаталъулги ханлъи. Ахир кинабго халкъалъул руссинги Аллагьасде буго.**

**43. Дуда бихьулариш ва лъаларищ МухIаммад ﷺ, ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIин жинца накIкIал хьвадизарулев. Цинги жинца гьел накIкIал цоял-цоязда аскIоре рачун, цоцаде тIад руссизарун бакIлъизарулев ва цIадал лъималъул цIезарулев. Цинги дуда гьел накIкIаздаса чваххун балеб цIадги бихьула. Гьединго Аллагьас (عز وجل) зобалазда ругел мугIрузда релълъарал накIкIаздаса гIазо ва горо (цIер) рештIизабула. Гьеб горо жиндие бокьаразул ах-хуралда тIаде бан гьеб гьалаг гьабула. Жиндие бокьаразул ах-хур гьеб гороялъ зарал гьабиялдаса цIунула. Гьеб горо балеб мехалъ зодиб пирхулеб пириялъ берзул канлъи инзабулеб хIалги букIула.**




**44. Жинца сордо-къо хиса-сверизе гьабулевги вуго Аллагь (عز وجل). Гьаб тIадехун бицараб зобал ракьазул ва накIкI-цIадалъул хабаралда жаниб жидеца пикру гьабулел, жидер гIакъло-лъай бугел, рекIелъ иманалъул нур бугел гIадамазе гIакъло босизе, вагIза-насихIат босизе далилал руго.**

**45. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) кинабго рухI бугеб жо лъималдаса бижана.** РухI бугеб букIа, рухI гьечIеб букIа жиб бижунеб, кIодолъулеб жо лъималда хIажатаб буго.

**Гьел рухIчIаголъаби цоял чехьалда хъурщун унел руго,** хIапара ва борохь гIадаб. **Цоял кIиго хIатIида хьвадулел руго:** гIадамал ва хIанчIи гIадал. **Цоял ункъго хIатIида хьвадулел руго:** гIиял-хIайванал гIадал. Цогиги инсанасда жиб лъалареб гIемер батIияб махлукъат буго Аллагьасул (عز وجل). **Аллагьас бокьараб жо бижуна ва гьев бокьараб жо гьабизе хIал кIолевги вуго.**

**46. ХIакълъунго, дица Къуръаналъул аяталги рештIизаруна,- жидеца хIукму баян гьабулел.** ГIакъло бугел гIадамаз пикру гьабизе ва гьаб махлукъ бижарав Халикъ вукIин лъан, гьесда иман лъезе ва гьесие гIибадат гьабизе. **ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чи битIараб нухалда ва исламияб диналда тIовитIула.**

**47. Гьел мунапикъзабаца абулеб буго нижеца Аллагьасда иман лъуна ва гьесул расуласдаги иман лъуна, ниж гьесдаги мутIигIлъана абун. Цинги гьезул цо къокъа Аллагьасул хIукму къабул гьабичIого, гьелдасан руссунел руго, жидеца доб рагIиги бицун букIадго. Гьал гIадамал муъминзаби гьечIо.**

**48. Жидеда гьоркьоб шаргIияб хIукму гьабизе Аллагьасул Къуръаналда ва аварагасул суннаталда рачIа абун абураб мехалъ гьезул цо къокъа (**мунапикъзаби**) гьелдаса руссун чIолел руго.**

**49. Гьеб хIукму гьабулеб масъала жидер рахъалда хIакъаб жо бугеб батани гьел цIакъ хехго ва мутIигIлъун рачIунел руго расулуллагьасухъе гьес хIукму гьабизе.** Жидеда лъалеб букIиналъе гIоло Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас хIакъаб хIукму гьабизе букIин.

Жидеда гIайиб кколеб хIукму бугони гьел аварагасда аскIор къалел гьечIо. Гьеб буго гьал гIадамал мунапикъзаби рукIиналъул кIудияб гIаламат.


Гьаб гIаламат гIемераб буго гьаб заманаялъ бусурбаби абун ругел гIадамазда гьоркьобги: жидее дунялалъул хайир кколеб рахъалде унел руго хIукму гьабизе. Жидер мурад тIубалеб бугони шаргIалда рачIунел руго, гьедин гьечIони капурзабазул къануналде унел руго. Муъминзабазул сипат гьечIо гьеб. Муъминзабада тIадаб буго жидее бокьулеб бугониги, рихулеб бугониги Аллагьасул ва гьесул расуласул хIукму къабул гьабизе ва гьелда разилъизе. Аллагьасул шаргIалда хIукму гьабичIого капурзабазул къануналда хIукму гьабизе арал гIадамал капурзабазул хIукмуялда рукIуна.

**50. Гьел мунапикъзабазул рекIелъ унтийищ бугеб? Яги гьел аварагасда шакдарулелищ ругел? Яги гьел хIинкъунищ ругел жидее Аллагьасги аварагасги мекъаб, зулмуяб хIукму гьабила абун?** Гьедин гьечIо иш**. Гьел гIадамал руго жидеца жидерго напсазе зулму гьабулел.**

**5I. Иманалъулъ ритIухъал муъминзаби жидеда гьоркьоб хIукму гьабизе Аллагьасда (عز وجل) а гьесул расуласда ﷺ хIараб мехалъ гьез абула: «Нижеда гьеб ахIи рагIана ва ниж гьелъие мутIигIлъана»-абун. Гьал руго жидер дунялалъул ва ахираталъул лъикIлъиялда квершел батарал гIадамал.**

**52. Жал Аллагьасдаги гьесул расуласдаги мутIигIлъарал, Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун, гьесда гIасилъиялдаса цIунунги хьвадарал, - гьал гIадамал руго жидер бахьибуголъарал.**

**53. Гьел мунапикъзаби цIакъ кутакаб гьа гьедун жидеца къотIи гьабулел руго жидеда аварагас амру гьабуни жал гьевгун цадахъ гъазаваталда рахъине руго абун. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ «нужеца гьересияб гьа гьедуге! Нуж кин мутIигIал ругеблъи Аллагьасдаги гьесул расуласдаги лъала!** Нужер мутIигIлъи буго мацIаздалъун бугеб, нужер ракIал мутIигIал гьечIо.




**МухIаммад ﷺ «нужеца гьересияб гьа гьедуге! Нуж кин мутIигIал ругеблъи Аллагьасдаги гьесул расуласдаги лъала!** Нужер мутIигIлъи буго мацIаздалъун бугеб, нужер ракIал мутIигIал гьечIо.

**54. Дуца гьезда абе МухIаммад: Нуж Аллагьасе ва гьесул расуласе мутIигIлъе, Нуж гьаб амру тIубаялдаса руссани, хирияв расуласда тIад бугеб жо буго Аллагьас тIад къараб амру нужехъ щвезаби. Нужеда тIадги буго гьев аварагасе мутIигIлъи ва гьесул амруялда нахърилълъин. Аллагьасул расуласда мутIигIлъун нуж хьвадани нуж хIакъаб диналда тIуритIараллъун рукIине руго** ва нужее бахьибуголъи, дунял ахираталъул лъикIлъи щвезе буго. **Гьев расуласда тIад къараб жо гьечIо Аллагьасул дин нужехъе щвезаби гурони.** Нужеца гьабураб мутIигIлъялъул яги гIасилъиялъул жаза нужее букIине буго.

**55. Нужедаса жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе Аллагьас (عز وجل) къотIи гьабун буго гьел гьаб ракь ирсалъе бусулеллъун гьарила абун, нужеда цере рукIарал муъминзабигги гьедин ханзабилъун ва варизабилъун гьарураб гIадин.** Капурзабада тIад бергьун, гьезул ракьазда бусурбаби маликлъун, гьенибги исламияб дин тIибитIизабун хьвадизе руго

Аллагьасул амруялда мутIигIлъун, гьесул расуласда ﷺ нахърилълъун хьвадарал муъминзаби. **Дица гьел муъминзабазул дин – дун жинда разия дин, цогидал киналго диназда тIад бергьинабун, гьелъул къадроги тIокI гьабила. Гьел хIинкъараллъун рукIун хадур жал божарал, жидее щибго хIинкъи гьечIел гьарила. гьез дун цо гьавун, дун разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабулеллъун гьарила. Дидехун щибго жо гIахьал гьабун жидеца ширк гьабуларелъун гьарила. Гьал кIудиял нигIматал кьун хадурги гьезда инкар ккурал**, гьезда данде шукру гьабун дие гIибадат гьабун ва дун разилъи тIалаб гьабун хьвадуларел гIадамал **Аллагьасде гIасилъарал, гьесул амруялда нахърилълъи тарал пасикъал гIадамал руго.**

**56. Нужеца хIукъукъал тIубан, Аллагьасе хIелун паризаял какал рай паризаяб закатги кье, нуж Аллагьасул расуласеги мутIигIлъе! Гьадин нуж хьвадани Аллагь (عز وجل) нужеда гурхIила ва нужее дунял ахираталъул бахьибуголъи щвела.**


**57. Дуда ракIалда ккоге я гьав авараг ва гьал муъминзаби, гьел капурал гIадамал Аллагьасул гIазабалдаса рорчIизе ругин абун.** Аллагьасул хIалкIолъиги букIинарин гьаб ракьалда тIад гьезие гIазаб гьабизе. Жиндие бокьани Аллагьас гьезие гьаб дунялалда рукIадго квешаб гIазаб гьабила. **Ахираталда гьел руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго ва гьеб жужахI цIакъ квешаб бакI буго жинда жанир руссизе ва даимго жанир чIезе.**

**58. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеда тIаде рачIине изну тIалаб гьабе абе нужер гъарабашаз ва жал балугъалъиялда рахичIел лъималазги сордокъоялда жаниб лъабго гIужалъ. Рогьалил как базегIан цереккун. Къалъул какил гIужалъги. Нуж тIасан ретIел бахъун свак бичизе ва макьу гьабизе регулеб мехалъ. Богол как бан хадурги, р**огьалил как базегIан нуж кьижун рукIунел ва нужерго хъизаналгун рукIунеб гIужалъ. **Гьаб лъабго гIуж буго нуж гIадамаздаса рахчун рукIунеб ва нужер ретIел бахъун гIаврат цебелъун рукIунеб.**

Гьел гIужазулъ изну тIалаб гьабичIого нужеда тIаде лъугьунгеян лъазабе нужерго лъималазда ва гъарабашазада. Гьел гурел цогидал гIадамал изну босичIого тIаде лъугьине бегьуларо кинабго заманаялъ.

**Гьаб лъабго гIуж гуреб цогидаб мехалъ нужер лъимал ва гъарабашал тIаде рачIанин абун нужее ва гьезие къварилъи гьечIо. Нуж цоцазде тIаде хьвадулел руго, нужер хIажалъабазе гIоло ва гьел гъарабашалги нужее хъулухъалъе рачIулел руго.**

**Гьадин ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее баян гьабула жиндир шаргIиял ахIкамал.** Нужеца гьел лъазаризе ва хьвадизаризе. **Аллагь жинда лъалев вуго лагъзадерие маслахIат бугеб жо. Ва жиндир пишабазулъ хIакимияв вуго.** Лагъзадерие пайда бугеб хIукму гьабулев вуго.




**59. Нужер лъимал балугъалъиялда рахараб мехалъ, гьезги изну тIалаб гьабе абе нужеда тIаде рачIине, цогидал гIадамаз изну тIалаб гьабулеб гIадин ва цебе бицун араб хIалалъ. Гьадин Аллагьас (عز وجل) нужее баян гьабула жиндир шаргIиял хIукмаби. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва жинца гьарулел тадбиразулъ хIакимияв.**

**60. Жал херлъун, кIодолъун, росасе иналдаса хьул къотIун гIодор чIарал руччабаца тIасияб ретIел бахъана абун гьезие мунагь гьечIо.** Гьез кIудиял кIазал ва плащал рахъун гьумер ва хIетIе-квер цебе лъезе бегьула. Ж**идерго черхалъул берцинлъи бихьизабиялда къасд гьабулеб гьечIони.** Гьеб цIакъго сурукъаб пиша букIуна.

**Гьел херал руччабацаги,** цогидал гIолохъанал руччабаца гIадинго, **кIазал ран, плащ тIаде ретIун жидер хIетIе-квер бахчани, гьезие лъикIаб буго.** Аллагьасул ва аварагасул ﷺ амруялда нахърилълъун

чIеялъул ажро букIине гьезие. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жинда кинабго жо рагIулев ва лъалев.**

**6I. Жив унтарав, рекъав, беццав чиясе мунагь-къварилъи гьечIо ва гьезда гIайибги гьечIо жал гьазаваталда инчIого чIчIанилан абун. Гьединго нужее мунагь хIакъ гьечIо я гьал гIадамал, нужеца квен кванана абун нужерго рукъзабахъ рукIун, нужер руччабазул ва лъималазул рукъзабахъ рукIун.**

**Гьединго мунагь хIакъ гьечIо нужеца квен кванана абун нужер эбел инсул рукъоса. Нужер ваццазул ва яцазул рукъосаги, нужер инсул вац-яцазул рукъоса квен кванана абунги. Нужеда божизе гьарун нужехъе кIулал кьун тарал рукъзабахъанги ва нужер гьудулзабазул рукъзабахъанги квен квананин абунги нужее мунагь хIакъ гьечIо. Гьединго нужеца квен кваназе бегьула киналго цадахъ гIодорчIун ва цо-цаздаса батIаго чIунги.**

Гьаб ахираб рагIи абиялъе сабаб бицана: Кинанат абулеб кьибилалъул гIарабиязул гIадат букIана цадахъ чи гьечIого кваналареб. Сапаралда вугони варанидул рахьцин гьекъоляреб цадахъ чи вукIун гурони. Гьедин квен кваначIого рахь гьекъечIого тIубараб сордо-къоги балаан. Гьеб гIадат хвезабун, цохIого вукIун квен кванаялъул щибго мунагь гьечIеблъи бицун абураб буго гьаб рагIи. Аварагасул ﷺ суннаталъ баян гьабуна тIолго хъизан цадахъ гIодор чIун кваназе лъикIаб букIин.

**Нуж рукъор лъугьараб мехалъ, гьенир жанир ругел гIадамазе салам кьун нужеца гьел кIодо гьаре. Гьеб салам кьей Аллагьасул рахъалъан бугеб, жиндилъ баракат бугеб тахIият (кIодо гьари) буго.** «Нужеда Аллагьасул салам лъеги»-абун дугIа гьаби буго. Нужее дидасан хIинкъи гьечIо абураб магIна буго, жинда гьеб рагIарасул ракIалъе хIалхьей ва рохел щолеб берцинаб рагIиги буго. **Гьадин ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее баян гьарула шаргIалъул ахIкамал,** нуж гьезда нахърилъизе, гьезда гIамал гьабизе **ва нужеда гьел хIукмаби ва гьезул хIикмат бичIизе ва лъазе.**

Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго*: «Гьаб дир умматалъе рохел бицун буго гьезул дин тIадегIанаб букIина абун ва гьезие квербакъиги букIина абун. Ракьалда тIад гьезие бергьенлъиги букIина, гьел гIадамал жидер дин дунял тIалаб гьабизе гIоло гьабулел гьечIебгIан мехалъ. Цинги гьез ахират тIалаб гьабун гьабулеб гIамал дунял тIалаб гьабун гьабураб мехалъ, гьезие ахираталда алжаналъул щибго бутIа букIунаро»*-абун.


Ал-Базарица бицараб сахIихIаб хIадисалда буго: *«Нужер диналъул авал авараглъи ва Аллагьасул рахIмат буго. Гьеб нужеда гьоркьоб Аллагьасе бокьарабгIан мехалъ букIина. Цинги гьебги тIаса ун зулмуяб ханлъи букIина (диктатура). Цингиги Аллагьас гьебги тIаса босун Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул суннаталда рекъараб халапат букIина, гIадамалги исламияб диналда хьвадила. Ракьалъул киналго умматаз гьеб дин къабул гьабила, гьелда зобалазулги ракьазулги агьлу разилъунги букIина. Зодисан балеб цIадги камиларо, ракьалдаса щолел нигIматалги камиларо»*-абун.

ИншаАллагьу, гьаб ахиралда бицараб заман жиб бачIине бугеб буго. Гьелъие далилги буго ТIадегIанав Аллагьасул рагIи: «Дица гьезие хIинкъиялда хадуб божилъи кьела»-абураб.

**62. Жидер иман камилал, гьелъулъ жал хIалхьарал муъминзаби руго жидеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги тIубараб, жиндилъ шаклъи гьечIеб хIалалъ иман лъурал. Гьев авараггун ﷺ данделъун, бусурбабазе кIвар бугеб иш тIобалел жал ругеб мехалъ, гьесдаса изну босун гурони гьеб мажлисалдаса нахъе унарел.** Гьаб аят рештIинабуна Хандакъалъул (окопазул) гъазават бугеб мехалъ. Гьел хандакъал рухъулеб бакIалдаса жидер хIажат тIубазе ине изну тIалаб гьабулеб букIана муъминзабаца, мунапикъзаби щибго изну тIалаб гьабичIого унел рукIана. Гьел муъминзабазе рецц гьабун ва мунапикъзабада гIайиб чIван рештIинабуна гьаб ят.

**Дудасан изну тIалаб гьабулел гIадамал руго жидеца Аллагьасда (عز وجل) ва гьесул расуласда ﷺ иман лъурал. Жидер цо хIажаталъе гIоло гьез дудаса изну тIалаб гьабураб мехалъ дуе бокьарав чиясе изуну кье ва Аллагьасда гьаре гьезул мунагьал чуре абун. ХIакълъунго Аллагь вуго жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев.**

**63. Аллагьасул расуласда ﷺ нуж ахIдоге нужеца цояз цоязда ахIулеб гIадин.** Гьесул цIаралдалъун ахIуге. Я расулуллагь, я набияллагь абун ахIе. Гьесул къадро кIодо гьабун, гьесул адаб гьабун ахIе. **ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъала нужер цо къокъа цоял цоязда нахъаги рахчулаго жамагIаталда гьоркьоса нахъе унел рукIин. Расуласул ﷺ амруялда хилиплъи гьабулел гIадамал хIинкъе абе жидеда дунялалдаго цо питна-балагь щвеялдаса, яги ахираталда жужахIалъул гучаб гIазаб щвеялдаса.**


الجزء الثامن عشر
سورة النور
إِنَّمَا ٱلْمُؤْمِنُونَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَإِذَا كَانُوا۟ مَعَهُۥ
عَلَىٰٓ أَمْرٍ جَامِعٍ لَّمْ يَذْهَبُوا۟ حَتَّىٰ يَسْتَـْٔذِنُوهُ ۚ إِنَّ ٱلَّذِينَ يَسْتَـْٔذِنُونَكَ
أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ يُؤْمِنُونَ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ ۚ فَإِذَا ٱسْتَـْٔذَنُوكَ
لِبَعْضِ شَأْنِهِمْ فَأْذَن لِّمَن شِئْتَ مِنْهُمْ وَٱسْتَغْفِرْ لَهُمُ
ٱللَّهَ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٦٢﴾ لَّا تَجْعَلُوا۟ دُعَآءَ ٱلرَّسُولِ
بَيْنَكُمْ كَدُعَآءِ بَعْضِكُم بَعْضًا ۚ قَدْ يَعْلَمُ ٱللَّهُ ٱلَّذِينَ
يَتَسَلَّلُونَ مِنكُمْ لِوَاذًا ۚ فَلْيَحْذَرِ ٱلَّذِينَ يُخَالِفُونَ عَنْ
أَمْرِهِۦٓ أَن تُصِيبَهُمْ فِتْنَةٌ أَوْ يُصِيبَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ ﴿٦٣﴾ أَلَآ إِنَّ
لِلَّهِ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ قَدْ يَعْلَمُ مَآ أَنتُمْ عَلَيْهِ ۖ وَيَوْمَ
يُرْجَعُونَ إِلَيْهِ فَيُنَبِّئُهُم بِمَا عَمِلُوا۟ ۗ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٦٤﴾
سورة الفرقان
بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ
تَبَارَكَ ٱلَّذِى نَزَّلَ ٱلْفُرْقَانَ عَلَىٰ عَبْدِهِۦ لِيَكُونَ لِلْعَٰلَمِينَ نَذِيرًا
﴿١﴾ ٱلَّذِى لَهُۥ مُلْكُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَلَمْ يَتَّخِذْ وَلَدًا وَلَمْ يَكُن
لَّهُۥ شَرِيكٌ فِى ٱلْمُلْكِ وَخَلَقَ كُلَّ شَىْءٍ فَقَدَّرَهُۥ تَقْدِيرًا ﴿٢﴾
الجزء ٣٦
٣٥٩

**64. Нужеда лъай, я гьал гIадамал, ТIадегIанав Аллагьасул мулк ва гьесул махлукъат букIин зобал ракьалги ва гьезда жаниб бугеб жоги. Гьев Аллагьасда (عز وجل) лъала нужеца гьабулеб кинабго гIамал**, нужеца бицулеб ргIиги ва нужер рекIел пикрабиги. Нужер иман лъурал ва мунапикълъи гьабулелги лъала Аллагьасда (عز وجل). **Къиямасеб къоялъ гьев Аллагьасде руссинарула киналго гIадамал ва гьез дунялалда гьабураб кинабго гIамал жидеда бицула; ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев вуго.** Кинабго гIалам гьесул махлукъат бугелъул, гьелда жаниб гьесдаса балъго щибго жо лъугьуларо.

**25. Суратул Фуркъан**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила анкьго аят бугеб.

**I. Жиндир баракат гIемерав, жив ТIадегIанав** ва къадро гуч бугев вуго **жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулеб хирияб Къуръан жиндир лагъ МухIаммадида ﷺ рештIинабурав Аллагь (عز وجل). Кинабго гIаламалъе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъун вукIине гIоло рештIинабуна гьесда Къуръан,** Аллагьасда инкар ккурал, гьесдехун ширк гьабурал, авараг ва ахират гьереси гьабурал гIадамазе жужахIалъул гIазаб букIине буго абун хIинкъи кьолев, Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзабазе алжаналъул нигIмтал рукIине ругилан рохелги бицунев.

**2. Зобалазул ва ракьазул ханлъи жиндие бугев вуго гьев Аллагь (عز وجل). Жинца хъизан лъимал ккевчIев ва жиндие гIахьалчи гьечIевги вуго;** кинабго махлукъалъул бетIергьан вуго.**Жиндие лагъэлъи гьабизе тIадав Аллагьлъун вукIиналъулъ жиндие гIахьал чи гьечIев вуго. Жинца кинабго жо бижарав, гьелъул къадар чIезабулев ва гьеб бижин мухIкан гьабун, гьелъул тадбир гьаби камил гьабуравги вуго.**

**3. Аллагьасдехун ширк гьабулел гIадамаз жидее алагьзабилъун хъанчал ва суратал** (статуяби) **ккуна. Гьел алагьзаби руго жидеда щибго жо бижизабизе кIоларел, жалго Аллагьас рижарал ва инсанасул квералъ гьарурал рухI гьечIел, гIакъло гьечIел, гьунар гьечIел жал. Гьел хъанчал руго жидерго напсазе щибго лъикIлъи яги квешлъи гьабизе кIоларел, жидеда цониги рухI бугеб жо хвезабизе ва чIаго гьабизе кIоларел, ахираталда гьел тIаде рахъинаризеги кIоларел.**

**4. Маккаялъул капурзабаца абулеб буго: «Гьаб Къуръан бугин МухIаммадица ﷺ ургъараб гьересияб хабар. Гьеб ургъизе гьесие цоги къавмалъ кумекги гьабун бугин»-абун. Гьез бицунеб жо цIакъ кIудияб гьереси ва бугьтан буго.**

**5. Цогиги гьел капурзабаца абуна ццересел умматазул гьересиял къисаби ругин гьеб Къуръан, МухIаммадица ﷺ жиндие хъваян амру гьабун, цоги гIадамаз гьесие хъван данде гьарурал. Гьев МухIаммадие гьел къисаби къасиги къадги цIалун, рицун, гьес рекIехъе лъазарулелги ругин абуна.**


**6. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Гьаб Къуръан рештIинабуна зобалаздаги ракьалдаги бугеб балъгояб жо жинда лъалев Аллагьас (عز وجل).** Гьесул хIалкIолъиги гучаб буго, гIелму лъайги кутакаб буго. Гьесда щибго жо балъго хутIуларо ва гьел нужер гьересиял харбалги Аллагьасда лъала.

**ХIакълъунго Аллагь жив цIакъ гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.** Нуж гIакъуба-гIазаб гьабичIого нахъе рахъун тейги гьев Аллагьсул (عز وجل) гурхIел цIоб кIудияб букIиналъул гIаламат буго»-абун.

**7. Аллагьасда инкар ккурал, авараг гьереси гьавулел капурзабаца абуна: «Гьав расуласул хIал щиб бугеб жив базаралда хьвадулев ва гIадамалгун цадахъ тIагIам кваналевлъунги вугев** гьадинав чийищ авараг вукIунев, я малаиклъун гьечIев жиндие квен лъим хIажалъуларев, яги ханлъунги гьечIев жив рукъов гIодов чIун вукIунев ва жиндир хIажатазулъ цоги гIадамал хьвадулев.

Гьаб буго мушриказ авараг махсароде гьавун бицунеб хабар. Цогиги мушриказ абулеб буго: **Аллагьас (عز وجل) гьев ритIухъав авараг вугин нугIлъи гьабизе ва живги авараглъун вукIизе малаик рештIизавун вукIаравани.**

**8. Яги гьесие зодисан гIодобе хазина рештIизабун букIарабани, гьев базаралда инзе ккечIого вукIизе ва бечедавлъун вукIизе. Яги гьесие бечедаб ах букIараб ани жинца гьениса батIи-батIияб тIагIам ва пихъ кваналеб» - абун. Аварагасда ﷺ иман лъурал гIадамазда, гьел купру-ширкалдалъун къавмалъ абуна: «Нуж нахърилълъарав чи вуго жундуца ккурав, жиндие сихIру гьабун гIадаллъизавурав чи» - абун.**




**9. Мун валагьеха МухIаммад ﷺ ва дуца пикру гьабе гьеб капураб къавмалъ чан батIияб мисал бачун мун гьересиявлъун гьавулев вугев! Гьаб иш сабаблъун жалго къосарал руго ва гьезда битIараб нухги хIакъаб динги батулеб гьечIо ва лъалеб гьечIо.**

**I0. Аллагь (عز وجل) баракат гIемерав ва тIадегIанав вуго, жиндие бокьани гьел мушриказ абулеб хазинаялдасаги, ах-хуралдасаги лъикIаб ва гIемераб жо дуе кьезе кIолев вуго. Жидер пихъал гIемерал, жидеда жаниса гIорал-лъимал чваххулел ахал кьелаан Аллагьас дуе ва гIарац меседалъ къачIарал кIудиял кIалгIабиги кьелаан.**

**II. Гьел мушрикаца ахират букIинги гьереси гьабулеб буго. Гьеб къиямасеб къо гьереси гьабурал гIадамазе дица цIакъ гучаб гIазаб хIадурун буго.** Гьаб аяталъул магIна буго: мушрикаца Аллагьасда (عز وجل) инкар ккевеялъеги, гьез мун гьереси гьавиялъеги сабаб буго гьез ахираталда иман лъолеб гьечIеблъи, гьениб хIисаб- мизан ва жаза букIиналда гьез инкар кколеб букIинги. Къиямасеб къо бачIинги хIакъаб амру бугин ва гьениб капурзабазе гучаб гIазабги гьабизе бугилан лъазабулеб буго БетIергьан Аллагьас (عز وجل) гьеб квешаб къавмалда.

**I2. Жидеда гьеб жужахI цIакъ рикIкIадго бихьараб мехалъ гьезда рагIулеб буго квешаб, ццим бахъараб гьаракь.** ЖужахIалъул цIаялъул гьалдолеб гьаракь буго гьагIулеб хIамил гIадаб, ццим бахъун гьалаглъарав чиясул каранзул гьаракь гIадаб.


**I3. Цинги гьел мушрикал жужахIалда жанире реххун гьенир къваридаб бакIалда ккезаридал, жидер кверал гудур бан габуралдаги рухьиндал, гьел жидеда бугеб къварилъи бицун ахIолел рукIула: «Вай нижер гьалаглъи, вай нижее бугеб гIазаб»- абун.**

**I4. Гьезда жужахаIалъул забаниятаца абула: «Нужеца жакъа цо нухалъ ахIуге вай нижер гьалаглъи абун. Гьеб нужеца гIемер нухалъ ахIе.** Нужее бугеб гIазаб цIакъ гучаб буго ва гьеб гIазаб нужеда тIасан ине гьечIо ва нужер ахIиялъе жавабги кьезе гьечIо.

**I5. Дуца гьел капурзабаде абе МухIаммад ﷺ: «Гьаб квешаб жужахIалъул гIазабищ лъикIаб бугеб, яги Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабазе къотIи гьабураб, даимго жинда жанир чIолеб нигIматазул алжанищ лъикI бугеб?» - абун. Гьеб алжан буго дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалда данде бугеб жаза ва гьеб буго муъминзаби жанир русунеб бакI.**

**I6. Гьел муъминзабазе алжаназда жаниб бокьанщинаб нигIмат букIизе буго ва гьел даимго гьенир рукIизе руго. Гьаб къотIиги буго МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) жиндир напсалда тIаде босараб, жиндаса гьикъизе бегьулеб ва жиб гьаризе бегьулеб.**

**I7. Гьеб къиямасеб къо буго жиндилъ кинабго халкъ данде гьабулеб ва мушрикаца алагьзабилъун ккурал хъанчал ва цогидал жалги данде гьарулеб. ТIадегIанав Аллагьас жидее лагълъи гьабурал жалазда гьикъула: «Нужецайищ дир лагъзал къосизарурал, яги гьел жалгойищ къосарал рукIарал?-абун.**




**I8. Жидее лагълъи гьабурал алагьзабаца абула: «Мун вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго Аллагь (عز وجل)! Нижее рекъараб гьечIо мунги живго тун цоги гьудулзаби кквезе ва гьезие лагълъи гьабизе. Гьал лагъзал дуца нигIматал кьун хьихьидал, гьезул умумулги гьелги рахIат - лазаталдаги тедал, гьезда мун рехсей ва дуе гIибадат гьаби кIочIана ва жал гьалаглъараб къавмлъун лъугьана» - абун.**

**I9.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жидеца лагълъи гьабураздехун абула: **«Нуж гьереси гьарунаха нужеца жидее лагълъи гьабурал алагьзабаца. Гьез къосизарунин нуж гьезие гIибадат гьабизе тIамун абураб нужер хIужаги гIададе хвана. Гьанже нужер хIал кIоларо гьеб гIазаб нахъчIвазе ва нужер гьелдаса рорчIизе бакI гьечIо. Жидеца ширк гьабурал гIадамазда дица цIакъ кIудияб гIазаб чIамизабизе буго» - абун.**

**20. Дуда цереги дица аварагзаби ритIичIо МухIаммад ﷺ, жал базаралдаги, къватIахъеги хьвадулеллъун ругел гурони ва жидеца тIагIам кваналеллъун ругел гурони.** Маккаялъул мушриказ абухъе малаикзаби ритIичIо дица аварагзабилъун. Щибаб къавмалда гьезда гьоркьоса чи витIула гьел Аллагь цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялде ахIизе. **Дица дир лагъзал гьарун руго цоял цоязе питналъун ва хIалбихьилъун.** Цоял бечедал цоял мискинал гьарун, цоял тIадегIанал цогидал гIодорегIанал гьарун. Цоял унтарал, цогидал сахаллъун гьарун. Гьаб амру гьадин гьабиялъул хIикматги буго: **гьел лагъзадерица сабру гьабуладай ва гьезие дун жидер БетIергьан вукIин лъаладай абун хIалбихьи гьаби**. Дида иман лъуралги инкар ккуралги гIадамал загьир гьари**.**

**Дур БетIергьан Аллагь жинда лъалев вуго МухIаммад ﷺ, лагъзадерил ахIвалал, загьиралги батIиналги.** Гьаб хIалбихьи гьабиялдалъун гьесул мурад букIуна гьел лагъзадерида жидедаго загьир гьаби гьезул иманги купруги ва гьелда данде ахираталда жаза гьабулеб мехалъ лагъзадерил щибго хIужа-далил букIун гутIи, жидее зулму гьабулеб бугин абизе.

**2I. Дида иман лъоларел, ахират букIинги гьереси гьабун, гьенир дида данде чIвазе гьечIин абулел мушрикаца абулеб буго: «Нижеда малаикзаби рештIизарун рукIаралани, МухIаммад авараглъун вукIин ритIухъ гьавизе. Яги нижее БетIергьан вихьулевани, гьес жинцаго бицине» - абун. Гьеб буго мушриказул гIамал кIодолъиялъул ва купруялъул гIорхъолъан ин.** Жидерго напсал кIодолъун рихьун, гьел чIухIун руго ва гIорхъолъан рорчIун зулмуялъулъ ва купруялъулъ тIерхьун руго.

**22. Жидер рухIал росине рачIунел малаикзаби рихьараб къоялъ, гьезие щибго рохел букIунаро. Малаикзабацаги, гьезул ракI бекизабун, гьезда абула: «Нужее хIарамаб буго алжанги, рохелги ва мунагьал чуриги. Нужее Аллагьас (عز وجل) жужахIалъул цIа хIадурун буго ва гьеб жужахIалъул рохел буго нужее» - абун.**

**23. Гьел капурзабаца гьабураб лъикIаб гIамалги дица, щибго мунпагIат гьечIеб хIурлъун гьабун, гIадада хвезабула:** Жидеца иман лъечIого гьабураб гIамалалъул гьезие ахираталъе мунпагIат букIунаро. Капурзабаца гьабураб садакъа-хайрат ва цогидабги Аллагьасул махлукъаталъе мунпагIат бугеб лъикIаб гIамалалъе дунялалдаго жаза гьабун букIула: гьезие сахлъи кьун, лъимал-хъизан кьун ва дунялалъул балагьаздаса цIунун.

**24. Жал алжаналъул бетIергьабилъун ругел муъминзаби гьеб къоялъ жидер чIолеб бакI цIакъ лъикIал руго ва жидеца хIалхьи гьабулеб къалъул гIуж цIакъ берцинал руго.**

**25. Гьеб къиямасеб къо буго зобалги накIкIалги цадахъго рихьун, хъвалхьун унеб ва малаикзаби ракьалда рештIун махIшаралда халкъалда сверун лъугьунеб, жиндир захIмалъи ва къварилъи кIудияб къо.**


**26. Гьеб къоялъ кинабго ханлъи ва кIодолъи цохIо Аллагьасе (عز وجل) буго ва гьеб къо буго капурзабазе цIакъ захIматаб ва хIинкъараб къо.**

**27. Дуца ракIалде щвезабе МухIаммад ﷺ, дунялалда залимавлъун вукIарав купручияс жиндирго кверал хIанчIулеб къиямасеб къо. Гьев капурчиясги абулеб: «Вай дир Аллагь! Дун аваарагасда нахъвилъльун вукIаравани ва гьевгун цадахъ Аллагь цо гьавун хьвадун вукIаравани,** жакъа гьаб гIазабалда дун вукIилароан!

**28. Вай дие бугеб къварилъи! Дица пуланав чи гьудуллъун ккун вукIинчIевани!**

**29. Гьев чияс дун хIакъаб нухалдаса къосизавуна, дун гьеб нухда лъугьун вукIун ва дида гьеб лъан букIун хадуб» - абун.**

**ХIакълъунго шайтIан жинца инсан къосизавулеб ва щибго кумек гьабичIого гьев инсан толеб буго.** Инсан къосизавизе шайтIаналъ гIемераб жо къотIи гьабула, амма гьев гIазабалда ккараб мехалъ шайтIан гьесдаса рикIкIалъула ва жиндир къотIиги тIубазабуларо.




Гьаб лъабго аят (27,28,29 аятал) рештIинабиялъе сабаб бицана: ГIукъбат бину абу МугIитI абулев чияс цо бертин гьабун квен-тIех хIадурун букIана ва гьеб бертиналда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагги ахIун вукIана. Квен цебе бачIун гьеб кваназе мех щведалго, аварагас ﷺ абуна: «Дица гьаб квен кваназе гьечIо дуца дун Аллагьасул расул вуго абун нугIлъи гьабун гурони»-абун. Цинги гьев ГIукъбатица шагьадат битIун, МухIаммад Аллагьасул расул вуго абун нугIлъи гьабуна ва аварагас ﷺ гьеб квенги кванана.

**30. Аллагьасул расулас ﷺ абуна: «Я дир БетIергьан! Дир къавмалъ гьаб Къуръан ккун буго жиб мугьалда нахъ рехараб, жинда гIамал гьабуларе жолъун.**

**3I. Дица киналго аварагзабазе жидер къавмалда гьоркьоса тушбаби гьаруна ва гьел аварагзабацаги сабру гьабуна.** Дуцаги сабро гьабе МухIаммад ﷺ. **Дуе дур БетIергьан Аллагь гIезе вуго жинца мун хIакъаб нухалда тIовитIун гьелда чIезавулевлъун ва дуе квер бакъулевлъун.**

**32. Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал ва аваараб гьереси гьавурал гIадамаз абулеб буго: «Гьев аварагасда Къуръан цохIо нухалъ, цадахъго рештIинабун букIарабани» - абун**. Мусада (гIв) Таврат рештIинабураб гIадин, Г!исада (гIв) Инжилги рештIинабураб гIадин. **Дица гьеб Къуръан дуда рештIинабуна МухIаммад ﷺ, бикь-бикьун, хIажат бихьухъе, гьелдалъун дур ракI парахатлъун букIине.** Дуе жиб рекIелъ цIунизе бигьаяб букIине. **Гьеб Къуръан цIакъ берцинаб, пасихIаб хIалалъ дуе баянги гьабуна.**

**33. Гьел капурзабаца дуде къец гьабун цо ргIи бицараб мехалъ, дица дуде хIакъаб ргIи рештIине гьабула ва гьезул ргIи батIул гьабулеб берцинаб баянги гьабула.**


**34. Гьел мушрикал руго къиямасеб къоялъ жидер гьумералда хъуршуларого тIаде рахъинарун жужахIалда рачун унел. Гьеб жужахI цIакъ квешаб бакI буго ва гьел мушрикалги цIакъ нух къосарал гIадамал руго.**

**35. ХIакълъунго дица Муса аварагасухъе Таврат кьуна ва гьевгун цадахъ гьесул вац Гьарунги (ра) гьавуна гьесие вазирлъун ва кумекчилъун.**

**36. Дица гьев кIиясдаго абуна: «Нуж кIиявго а дунги дир аяталги гьереси гьарун ругел пиргIавнил къавмалда.** Амма гьез иман лъечIо, Мусаги гьесул къавм бануисраилалги гьалаг гьаризе къасд гьабуна пиргIавница. **Цинги дица гьеб пиргIавнил къавм дир гIазабалдалъун гьалаг гьаруна.** ПиргIавнги гьесул къавм къибтIиялги ралъдалъе лъугьине гьаруна цинги гьезда тIад ралъад данде бачана.

**37. Гьединго НухI аварагасул къавамги гьалаг гьабуна дица. Гьез дир аварагазаби гьереси гьарураб мехалъ дица гьел тIупантIун гъанкъизаруна ва гьел хадур рачIарал умматазе вагIзалъун ва гIибратлъун гьаруна.**

**38. Гьединго дица гьалаг гьаруна ГIадил къавм, Самудил къавм. Гъуялда жанир гъанкъизарурал ШугIайбил къавмги. Гьел къавмазда гьоркьоб бугеб заманаялъ цогиги гIемерал умматал гьалаг гьаруна Аллагьас:** гьезул рикIкIен Аллагьасда (عز وجل) гурони лъаларел.




**39. Гьел киналго къавмазе гьалаг гьарилелде цере аварагзаби ритIун хIакъаб дин баян гьабуна ва гьезие гIазабалдалъун хIинкъиги кьуна**. Гьел аварагзабаде гIенеккичIеб мехалъ ва жадее вагIза-насихIаталъ пайда гьабичIеб мехалъ: **дица гьел умматал гьалаг гьаруна ва гьезул хабар ва насло тIагIизабуна.**

**40. Жидер даран базаралъе Шамалда Маккаялъул мушрикал ЛутIил къавмил росабалъан уна гурищ? Аллагьас зодиса ганчIал речIчIун жал гьалаг гьарурал гьел ЛутIил (гIв) къавмги. Гьезда гьел росаби рихьуларогойищ ругел ва гьезда щвараб гIазабалъул пикруго гьабуларищ? Амма гьел Аллагь (عز وجل) цо гьавун, ахираталда иман лъун, гьениб хIисаб-мизан ва жазаъ букIиналда божулел гьечIо.** Гьедин бугелъул жидее щибго вагIза ва асар лъугьунеб гьечIо.

**4I. Мушриказда мун вихьараб мехалъ гьез мун махсароде гьавулев вуго ва абулеб буго: «Гьав чийш вугев Аллагьас (عز وجل) нижеда расуллъун витIарав?**

**42. «Гьав чияс ниж нижер алагьзабазе лагьлъи гьабиялдаса къосизаризе дагьаб жо хутIана. Нижеца сабро гьабичIебани ва гьесул ахIиялда данде рагъги гьабичIебани, ниж гьес къосизаризеги рукIана» - абун. Ахираталда жужахIалъул гIазаб бихьараб мехалъ гьезда лъазе буго нух къосаралги, мекъаб диналда ругелги щал ругеблъи.**

**43. Дуца гIажаиблъи гьабуларищ МухIаммад ﷺ, жиндирго гьава напс алагьлъун ккун вугев чиясул! Гьел мушриказул щиб гIакъло лъай букIунеб ва гьезул динги щиб букIунеб!**

Жинда Аллагь разилъяв ИбнугIаббасица абуна: «Цо мушрикал рукIана жидеца ганчIазе лагьлъи гьабулел. Гьеб жидехъ бугелдаса берцинаб гамачI батараб мехалъ кодоб букIараб гамачIги гIодоб реххун гьеб берцин бихьараб гамачI кодобе босулаан ва гьелъие лагьлъи гьабулаан»-абун. Гьав чи битIараб нухалда тIовитIизе кIолищ МухIаммад ﷺ дуда?


Гьаб аяталъул мурад буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI парахат гьаби ва гьесда бичIчIизаби гьел мушрикал цIакъ жагьилал, хIайваназда релълъарал гIадамал рукIин ва гьез иман лъечIо абун аварагасда гIайиб гьечIеблъи. Гьесда тIадаб жо гьезухъе дин щвезаби бугелъул. Амма гьел иманалда тIоритIи, яги тIоритIун гутIи ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) иш буго.

**44. Дуда ракIалдайищ кколеб бугеб МухIаммад ﷺ, гьел мушриказе дуца бицулеб жо рагIулеб бугин ва гьеб бичIулебги бугин абун. Гьедин гьечIо иш. Гьезда дуца бицунеб жоялъул хIакъикъат бичIуларо. Гьел хIайваназда релълъун руго, хIатта гьел хIайваназдасаги къосарал руго.**

**45. Дуда бихьуларищ МухIаммад ﷺ, ТIадегIанав Аллагьасул махлукъаталъул ва гьезда жанир ругел хIикматазул? Дуца пикру гьабе Аллагьас (عز وجل) рагIад киндай гьабун бугеб жиб цIан унеб, хьвадулеб абун. Гьеб рагIадалдалъун инсанасе ва цогидаб рухI чIаголъиялъе бакъул бухIиялдасан цIуни букIизе. Аллагьасе бокьараб ани гьеб рагIад цо бакIалда чIчIараблъун гьабилаан. Киниги Аллагьас (عز وجل) гьеб рагIад жиб хьвадулеблъун гьабуна ва гьеб рагIад букIин лъазабулеб далиллъун бакъги гьабуна.**

**46. Цинги дица гьеб рогьалидаса хадуб букIунеб рагIад дагь-дагь ккун нахъе босула ва бакъ баккараб мехалъ гьеб рагIад тIагIула.**

**47. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан, жинца тIад ретIулеб ретIелалъ гIадин нуж рахчулеблъун сордо гьабурав,** гьеб сардилъ нуж рахIаталда рукIине, дунялалъул хIалтIи-иш гьабиялдаса хъизан рукъалда руссун рукIине. **Аллагьас (عز وجل) макьуги гьабуна нуж хIалхьон чIолеблъун ва нужер черхалъул свак бичулеблъун. Аллагьас (عز وجل) къоги гьабуна жинда жанир нуж хьвадулеблъун.**




**48. Гьев Аллагь (عز وجل)** вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан, **жинца цIад балелде цере роххалил чапарлъун гьурал ритIулев. Дица нужее зодисан жиб бацIадаб ва жинца цогидаб жоги бацIад гьабулеб лъимги рештIизабуна.** Гьеб цIадал лъим бацIадаб жо букIин гIелмуялдалъун тасдикъ гьабураб амру буго.

**49. Гьеб цIадалдалъун дица хвараб ракь чIаго гьабула.** Бакъвараб, тIаде хур-хер гьечIеб **ракьалдаги, гьелда тIад дица рижун ругел хIайваназда ва гIемерал гIадамазда гьекъезеги гьабула.** Лъим гьечIого чаголъи букIуларо.

**50. Дица гьаб Къуръаналда жанир гIемерал мисалал рачана, хIужаби ва далилалги рицана, гIадамал кантIизе бокьун, гьез пикру гьабизе ва вагIза босизе бокьун. Ва амма гIемерисел гIадамаз гьеб вагIза-насихIат къабул гьабичIо ва жидеца дида иман лъеялда, дир Къуръан ва дир расул ﷺ ритIухъ гьавиялда инкар ккуна.**

**5I. Дие бокьун букIарабани щибаб росулъ цо-цо авараг витIилаан дир гIазабалдалъун гIадамазе хIинкъи кьезе** ва дир алжаналъул нигIматаздалъун рохел бицинеги.

**52. Мун гьел капурзабазе мутIигIлъуге МухIаммад ﷺ гьез жидер алагьзабада гIайиб чIвагеян абулеб рагIиялъулъ. Дуца гьаб хирияб Къуръаналдалъун гьездехун рагъги гьабе кIудияб рагъ гьабиялъ.**

**53. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго** жиндие гIибадат гьабизе тIадав хан, **жинца кIиго батIияб лъим чвахизабурав цоцада аскIоб, цояб цоялда цун. Цояб лъим жиб гьуинаб, жиб гьекъезе бигьаяб, цогидаб лъим жиб цIакъ цIамхIалаб, кьогIаб. Гьеб кIиябго лъим цоцаде жубазе толареб пардавги ва гьел цоцадаса нахъе чIвалеб къуватги гьабун буго Аллагьас.**

**54. Жинца манидал къатIраялдаса инсан вижаравги вуго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل). Гьев инсан жинда жо бихьулев, рагIулев гьавурав, жинца чIужу ячун ригьин гьабун насло-насаб халат гьабулевлъунги гьавурав. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) жиндир хIалкIолъи бергьарав вуго МухIаммад ﷺ.**


**55. Гьел мушрикаца жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагьги тун щибго жидее мунпагIат гьабуларел яги зарал гьабуларел хъанчазе буго лагълъи гьабулеб. Гьев капурав инсан шайтIаналда нахъ вилълъун, гьелъие мутIигIлъун Аллагьасде (عز وجل) гIасилъулев вуго ва гьесда гIасилъараб шайтIаналъе квербакъулевги вуго.**

**56. Дица мун витIун гьечIо МухIаммад ﷺ, дуца муъминзабазе алжаналдалъун рохел бицуневлъун ва капуразе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолевлъун гурони.**

**57. Дуца абе МухIаммад ﷺ, дица нужедаса ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул дин щвезе гьабиялда данде. Нужее Аллагь (عز وجل) разилъи щолеб нух бихьизабулеб буго дица ва нуж гьеб нухалъ хьвадун Аллагьасда гIагарлъиги бокьун буго.**

**58. Дуца таваккал тIаме МухIаммад ﷺ жив холарев, жиндир чIаголъи даимав Аллагьасда (عز وجل) ва дуца гьев вацIцIад гьавун, гьесие рецци гьабе. Гьев Аллагь (عز وجل) гIезе вуго жиндир лагъзадерил мунагьал лъалевлъун.**

**59. Жинца зобал-ракьалги, гьезда гьоркьоб бугеб кинабго мухлукъатги анлъго къоялда жаниб бижарав Халикъ вуго нужер БетIергьан Аллагь (عز وجل). *Цинги жинца гIаршалда истиваъ гьабурав.*** **Жиндир гурхIел-цIоб гIемерав ва гIаммав РахIман вуго гьев. Аллагьасдаса тIалаб гьабе дуца дуда лъаларе жо лъазе.**




**60. Гьел мушриказда абураб мехалъ нужеца гIибадат ва сужда гьабе жиндир рахIмат кинабго жоялда гIамлъарав «РахIманасе»-абун, мушрикаца абулеб буго: «Щив чи вугев гьев РахIман? Нижеда лъаларев рахIманасе суждайищ гьабулеб дур амруялда нахърилъулъун?» - абун. Гьаб инкар ккураб рагIиялъ гьел Аллагьасул (عز وجل) рахIматалдаса жегиги рикIкIад гьаруна, гьесул диналдасаги жал тIурана.** Гьаб аят цIалараб мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.

**6I. Жив ТIадегIанав ва баракат гIемерав вуго Аллагь (عز وجل), жинца зобалазда цIваби хьвадулел нухал гьарурав ва гьениб бакараб чирахъ гIадин бакъги гьабурав, нур базабулеб моцIги гьабурав.**

**62. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго** нужеца гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан, **жинца сордо-къо цоялъ цояб хисулеблъун гьабурав ва цояб цоялда хадуб бачIунеблъунги гьабурав; Аллагь (عز وجل) рехсезе ва гьесул махлукъаталъул пикру гьабун вагIза босизе бокьарал гIадамазе. Яги Аллагьасул гIемерал ва кIудиял нигIматазда шукру гьабизе бокьаразеги.**

**63. Аллагьасул (عز وجل) лагъзалилан абизе рекъарал гIадамал руго жал ракьалда тIад рилъулъунеб мехалъ бигьаго, Аллагьасе хIелун рилъулъунел.** ЧIухIараб рилъулъен гьабуларел ва хIатIал гIодор кьабун гьаракь бахъизабуларел. **Жидедехун жагьилал, ахIмакъал гIадамаца хъачIаб рагIи бицараб мехалъ гьезда «Салам» абулел:** квешаб рагIи абуларел.

**64. Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабулаго сордоги рогьулел. Гьесие какал ран, суждаялда чIун ва Къуръан цIализе тIаде рахъун рукIунел.**

**65. Аллагьасде дугIа ва хIели гIемер гьабулел ва гьеб дугIаялъулъ жидеца абулел: «Я нижер БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца нижедаса буссизабе ва рикIкIад гьабе жужахIалъул гIазаб. Гьеб гIазаб жиб щварав чиясдаса тIаса унареб буго.**

**66. Гьеб жужахIги цIакъ квешаб рукъ буго жинда жанир чIезе ва жиб абадияб рукълъун букIине» - абун.**

Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун, гьев разилъи тIалаб гьабун къасиги къадги гIибадат гьабулел муъминзабазул дугIа буго гьаб. Аллагьасдаса хIинкъиго гьечIел, гьев ракIалдаги щоларел, дунял гьабулел рукIун ахиратги кIочон ругел, бусурбаби абун жидеда цIар бугел гIадамазул щибго дугIаги гьечIо, ракI къварилъи-тавбоги гьечIо.


Я Аллагь! Дуца хIакъаб нух бихьизабе ва гьеб нухда хьвадизе тавпикъги кье.

**67.** Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабулел муъминзаби руго **жидеца хъизаналъе ва жидерго напсаазе напакъа кьолеб мехалъ исрапчилъи гьабуларел.** ЧIухIарал минаби ран, хириял машинаби рекIун, ретIел-тIехалъулъ кванай гьекъеялъулъ исрапчилъи ва чIухIи гьабуларел. **ГIемерго дагьаб напакъа кьун напсазе къварилъиги гьабуларел.** Рес-махIал букIингун цадахъ бахиллъун ва сутурлъун напсалъе хIажатаб жо гьабичIого толарел. **Жидер напакъа кьейи гьоркьохъеб ва шаргIалда рекъараб букIунел.**

**68. Аллагьгун (عز وجل) цадахъ ккун цоги алагьзабазе лагълъи гьабуларел, Аллагьас чIвазе хIарам гьабураб напсги чIваларел, шаргIияб гIилла букIун гурони:** къисасалъе ва хIадалъе чIван гурони. **Жидеца зинаги гьабуларел. Гьал кIудиял мунагьал жидеца гьарурал гIадамал: ш**ирк гьаби, гIадан чIвай, зина гьаби **ахираталда гучаб гIазабалъулъ кколел гIадамал руго.**

**69. Гьезие Аллагьас къиямасеб къоялъ гIазаб цIакъго цIикIизабула ва жал гIодорегIан гьарун, хIакъир гьарун рукIунеб жужахIалъул гIазабалъулъ лъугьизарула.**

**70. Жидеца тавбо гьабурал, Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъурал, хадуб лъикIаб гIамал гьабунги хьвадарал гIадамазул церехун гьарурал квешал гIамалалги Аллагьас (عز وجل) лъикIаллъун сверизарула. ХIакълъунго Аллагь жиндир лагъзадерида цIакъ гурхIулев ва гьезул мунагьал рахчулев вуго.**




**7I. Жинца тавбоги гьабун лъикIаб гIамал гьабурав чи Аллагьас (عز وجل) жиндир тавбо къабул гьабулев, жинда Аллагь разилъулев вуго.**

**72. Жидеца гьересияб нугIлъи гьабуларелги руго** Аллагьасул (عز وجل) лъикIал лагъзаллъун ругел гIадамал. **Цо гIададисеб, хIарамаб жо бицунел мажлисал ратараб мехалъ гьенир чIечIого, жидерго напс цIунун ва гьеб хира гьабун, гьеб мажлисалдаса рикIкIад унел.**

**73. БетIергьанасул аятаздалъун вагIза гьабидалго гьеб рагIуларел, бихьуларелълъун жал чIоларел,** жидеца гьеб вагIза босулел ва гьелда нахърилълъун гIамалги гьабулел.

**74. ДугIа гьабулеб мехалъ абулел: «Я нижер БетIергьан! нижер руччабаздаса ва лъималаздаса ниж роххизарулел, нижер бер ва ракI рази гьабулел лъикIал муъминзаби гьаре. Дуца нижгоги гьаре нижеда нахърилълъарал муъминзабазе имамзабилъун.**

**75. Гьал цере рехсарал сипатал ругел муъминзаби руго жидее жазалъун алжаналъул рукъ кьолел; гьез Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабиялда тIад чIун ва гьесда гIасилъиялдаса цIунун сабро гьабидал. Гьеб алжаналда жаниб жидее малаикзабаца салам кьун тахIият ва кIодолъиги гьабулел.**

**76. Даимго рукIунеллъун лъугьизарула алжаналда жанир ва гьеб алжан цIакъ лъикIаб рукъ буго жанир лъугьизе ва абадиялъго жанир чIезеги.**

**77. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ! Дир БетIергьан Аллагьас (عز وجل) нужеца гьабулеб ширкалъул кIвар гьабуларо. Гьев Аллагьасе нужедаса щибго хIажатаб жоги гьечIо, Аллагь (عز وجل) цо гьавун гIибадат гьаби гуреб. Нужеца Аллагьасул расулги, гьесул Къуръанги гьереси гьабуна** ва гьезда нахърилълъинеги чIухIана. **Гьеб гIамал сабаблъун жиб тIад чIараб, абадияб жужахIалъул гIазаб букIизе буго нужее - абун.**ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб сураталда жаниб «гIибаду - ррахIмани»-абун жидеда абулел лъикIал муъминзабазе ругел сипатал рицун ва гьезие бугеб жаза бицун анцIго аят рештIинбуна. Гьел сипаталги гьал руго:

*I. Аллагьасе (عز وجل) ва гьесул лагъзадерие хIеларал, хIалимал рукIин, чIухIи гьечIел рукIин.*

*2. Сардилъ тIаде рахъун Аллагьасе тIагIат-гIибадат гьабулел рукIин.*

*3. Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъарал рукIин. 4. Исрапчилъи тарал, бахиллъи ва сутурлъи тарал рукIин.*

*5. Аллагьасдехун ширк гьабиялдаса рикIкIадал рукIин.*

*6. Инсан чIваяалдаса, зина гьабиялдаса жал цIунарал рукIин.*


*7. Тавбо гьабулел, гьелда тIад чIолел рукIин. 8. Гьереси бицунарел, гьересияб нугIлъи гьабуларел рукIин.*

*9. ХIарамаб жо гьабулеб мажлисалда гIахьаллъуларел рукIин.*

*I0. Жидеца вагIза-насихIат къабул гьабулел, гьелда гIамал гьабулел рукIин.*

*II. Аллагьасде (عز وجل) дугIа гьабулел рукIин, жидер хIажатал гьарун ва къварилъи-балагь тIаса борхиги гьарун.* Гьал сипатал жидее ругел муъминзабазе ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) алжаналда жаниб бищунго лъикIаб бакI къотIи гьабун буго ва малаикзабаца жидее тахIият (кIодолъи) гьабиги

бицун буго. Гьаб киналдаго тIадеги гьезие бугеб хиралъи ва тIокIлъи буго жидеда ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вихьулев вукIин.


الجزء التاسع عشر — سورة الشعراء

بسم الله الرحمن الرحيم

طسم ﴿١﴾ تلك ءايت الكتب المبين ﴿٢﴾ لعلك باخع نفسك ألا
يكونوا مؤمنين ﴿٣﴾ إن نشأ ننزل عليهم من السماء ءاية فظلت
أعناقهم لها خضعين ﴿٤﴾ وما يأتيهم من ذكر من الرحمن محدث
إلا كانوا عنه معرضين ﴿٥﴾ فقد كذبوا فسيأتيهم أنبؤا ما كانوا
به يستهزءون ﴿٦﴾ أولم يروا إلى الأرض كم أنبتنا فيها من كل زوج
كريم ﴿٧﴾ إن في ذلك لاية وما كان أكثرهم مؤمنين ﴿٨﴾ وإن
ربك لهو العزيز الرحيم ﴿٩﴾ وإذ نادى ربك موسى أن ائت القوم
الظلمين ﴿١٠﴾ قوم فرعون ألا يتقون ﴿١١﴾ قال رب إني أخاف
أن يكذبون ﴿١٢﴾ ويضيق صدري ولا ينطلق لساني فأرسل
إلى هرون ﴿١٣﴾ ولهم علي ذنب فأخاف أن يقتلون ﴿١٤﴾ قال
كلا فاذهبا بئايتنا إنا معكم مستمعون ﴿١٥﴾ فأتيا فرعون
فقولا إنا رسول رب العلمين ﴿١٦﴾ أن أرسل معنا بني إسرءيل
﴿١٧﴾ قال ألم نربك فينا وليدا ولبثت فينا من عمرك سنين
﴿١٨﴾ وفعلت فعلتك التي فعلت وأنت من الكفرين ﴿١٩﴾

٣٦٧

**26. Сурату ШшугIараи**

Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб кIинусиялда къоло анкьго аят бугеб.

**I. TIa. Син. Мим.** ТIадегIанав Аллагъасда лъала гьал хIурупаздалъун щиб мурад бугеб.

**2. Гьал руго жиб баянаб, жиндир тIоритIел ва мугIжизат баянаб Къуръаналъул аятал.**

**3. Мун цIакъ ракI къварид гьабулев, дурго напсалъе захIмалъи гьабулев вуго МухIаммад ﷺ, капурал гIадамаца иман лъолеб гьечIин абун.**

**4. Дие бокьун букIарабани дица гьезие мугIжизат бихьизабилаан ва зодиса гьел хIинкъизарулеб гIаламатги рештIизабилаан, гьел хIинкъун, иман лъун гIодогIанлъун чIолеб.** Амма дица гьеб иш гьабиларо. Дие бокьун буго дир лагъзадерица гIакьло хIалтIизабун, гьезда дун жидер БетIергьан Аллагь ( عز وجل) вукIин лъазе ва гьез дун цо гьавун гIибадатги гьабизе.

**5.** Аллагъасда иман лъоларел, авараг ритIухъ гьавуларел капурал гIадамал **хирияв аварагасда ﷺ Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан Къуръаналъул аятал ва шаргIиял ахIкамал вахIю гьарун щинахъе, гьел къабул гьаричIого, гьезда мугъ бан руссунел руго.**

**6. Гьез дир Къуръанги аварагги гьереси гьаруна ва гьезда мутIигIлъичIо. Гьезда нахъа лъазе буго ва бихьизе буго гьез гьереси гьабураб жоялъул ахир кин букIунеб ва жидер махсарабазул хIасил щиб букIунебги.**

**7. Гьел гIадамал ралагьуларищ ва гьез пикру гьабуларищ дица гьаб ракьалда тIад чан берцинаб ва хирияб нигIмат ва хур-хер бижизабун бугебали?**

**8. Дица бижараб махлукъаталъулъ мухIканал гIаламатал руго жидеца дун цо вукIин ва дир хIалкIолъи бицунел. Гьедин бугониги гIемерисел гIадамал иман лъоларел руго.**

**9. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго МухIаммад ﷺ, жив цIакъ гучав, жиндир къуват бергьарав ва муъминзабада жиндир гурхIел гIемерав.**

**I0. Дур умматалъе вагIзалъун букIине дуца бице МухIаммад ﷺ, дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) Муса (гIв) аварагасда ахIараб гIуж: Мун гьаб залимаб къавмалъухъе а абун.**

**II. ПиргIавнил къавмалъухъе а мун. Гьел Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса хIинкъулел гьечIо ва жидер зулму гьабиялдасаги руссулел гьечIо.**

**I2. Мусаца (гIв) абуна: Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дун хIинкъулев вуго гьез дун гьереси гьавилин ва дир рисалатги къабул гьабиларин абун.**

**I3. Цинги дир керен-ракI цIакъ къварилъизе буго ва дида тIадаб рисалат тIобитIун кIалъазе дир мацIалдаги кIвезе гьечIо. Дуца Гьарунихъе (гIв) чапар витIе.**

**I4. Гьел къибтIиязул чи дица чIван вукIиндал, гьезул дидехун ццим бахъиги буго. Гьез дун чIвала абунги хIинкълуев вуго,** жидехъе рисалат босун вачIараб мехалъ – абун.


**I5. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: «Кисан мун гьез чIвалев!** Мун Аллагьасда божун вукIа, гьезул хIалкIоларо дуе щибго зарал гьабизе. **Нуж кIиявго пиргIавнихъе а дир мугIжизаталги росун. Дун нужгун цадахъ вуго. Нужеца бицунеб жо дида рагIула ва нужеца гьабулеб жоги дида бихьула.** Дун нужее квер бакъи гьабулевги вуго.

**I6. Нуж пиргIавнихъе ун гьесда абе: «Ниж руго кинабго гIаламалъулго БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) расулал, гьес дуде ритIарал, мун битIараб нухалда ва хIакъаб диналда ахIизе.**

**I7. Дуца нижгун цадахъ Бануисраилал гьаб Мисриялъул ракьалдаса къватIире риччай.**

**I8. ПиргIавница абуна: «Мун гьитIинаб лъимер бугеб мехалъ нижеца хьихьана гурищ, ва гIемерал соназ нижеда гьоркьовги вукIана гурищ?**

**I9. «Гьел нигIматал дуе кьун рукIаго дуца нижер чиги чIвана ва дуе гьабураб лъикIлъиялда инкарги гьабуна» - абун.**




**20. Муса аварагас абуна: «Гьеб иш дица гьабуна дун жагьилав вугеб мехалъ.** Дида Аллагьасул ( عز وجل) вахIюги решtIичIеб, дун авараглъунги ﷺ гьавичIеб мехалъ.

**2I. Цинги дун нужедаса хIинкъун лъутунги ана. Гьелдаса хадуб Аллагьас дие гIелму ва хIикмат кьуна ва дун аварагзабадаса гьавуна.**

**22. Дуца дие нигIматал кьуна абун кин абулеб дир къавм Бануисраилал дуца лагъзаллъун ккун рукIаго!** Гьеб жо дие нигIмат гьечIо.

**23. Цинги пиргIавница гIамал кIодолъун ва чIухIун абуна: «Щиб бугеб дуца гьаб кинабго гIаламалъул бетIергьан бугин абулеб жо» - абун.** «Дун вуго алагьилан» чIун вукIана пиргIавн. Гьедин вукIиндал гьев цIакъго чIухIана Муса аварагас бицараб жоялда гIенеккизе.

**24. Муса аварагас абуна: «Гьев вуго гьал зобалазулги ракьалъулги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъаталъул БетIергьан.**

**25. ПиргIавница жинда сверухъ ругел вазирзабада абуна: «Нужеда ргIулищ гьав чияс бицунеб жо?» - абун.** Дица гьасда гьикъулеб буго «БетIергьан» - шиб абун, гьас дида гьелъул цIар бицичIого, гьелъул сипатал рицунел руго.

**26. Муса аварагас абуна: «Гьев вуго нужерги ва нужер уммумузулги БетIергьан» - абун.** Жинца нуж ва нужер умумул рижарав вуго гьев БетIергьан.

**27. ПиргIавнил ццим бахъана ва гьес абуна: «БичасхIаги, гьав нужеда витIарв расул жундуца ккурав чи вуго» - абун.**

**28. Мусаца абуна: «бакъбаккул ва бакътIерхьул рахъалъулги, гьеб кIиялдаго гьоркьоб бугеб махлукъаталъулги БетIергьан вуго гьев» - абун. Нужеда гIакъло батани нужеда лъазе ккола гьаб гьунар ва къудрат жинца кинабго гIалам бижарав БетIергьанасул букIин.**

**29. ПиргIавница абуна: «Дуца дун гурев цоги аллагь вуго абуни ва гьесие лагълъи гьабизе къасдги гьабуни, бичасхIаги, дица мун квешаб туснахъалде рехила» - абун.**

**30. Муса аварагас абуна: «Дун духъе баянаб хIужжагун вачIаниги рехилищ дун туснахъалъув» - абун.**

**3I. ПиргIавница абуна: «ВачIаха мун гьеб хIужаги бачун мун битIараб жо бицунев ватаниян» - абун.**

**32. Муса аварагас жиндир гIанса гIодобе рехана ва гьеб кIудияб борохьлъун лъугьана.**

**33. Къвалакьеги лъун квер къватIибе бахъана ва гьеб жинда балагьаразе гвангъун нур балеблъун лъугьана.** Бакъул гIадаб кунчIи бугеб, жинда балагьизе кIолареб нур букIана.

**34. Цингиги пиргIавница иман лъезе къасд гьабичIо ва жинда сверухъ бугеб къавмалда абуна: «Гьав чи бичасхIаги сихIрочи вуго, жинца кутакалда гьеб сихIру гьабулеб гIелму лъазабурав ва гIадамал гуккизе къасд бугев» - абун.**

**35. Гьасие бокьун буго сихIроги гьабун нуж ватIаналдаса къватIир къотIизе. Нужеца щиб жо гьабеян дида абулеб гьав сихIрочиясе» - абун.**


**36. ПиргIавнил къавмалъул церехъабаца абуна: «Дуца Мусаги Гьарунги дагьаб заманаялъ те.** Гьезие тIубараб хIукму гьабуге. **шагьаразда чапарзаби ритIе жидеца гIадамал данде ахIулел.**

**37. Гьезда амруги гьабе духъе киналго лъикIал сихIручагIи рачун рачIа абун.** Кутакалда жидеда сихIру гьабизе лъалел ва жидеца Мусал сихIру хвезабулел.

ПиргIавница сихIрочIагIи ракIаризе чапарзаби ритIана ва гIемераб гIалам данделъулеб жидер гIид къоялъ Мусаги (гIв) гьел сихIро чагIиги къец гьабизе риччазе руго абун кинабго халкъалда лъазабуна.

Ибнукасирица абуна: гьеб букIана ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) хIикмат ва хIалкIолъи. Живго пиргIавн тIамуна Аллагьас гьеб гIалам данде гьабизе ва гьеб кIудияб мажлисалда Мусаде (гIв) иман лъезе сихIрочагIиги тIамуна.

**38. Цинги гьел сихIручагIи данделъана жал данделъизе къотIи гьабураб къоялъ.** ГIид къоялъул зухIаялъул гIуж букIана гьеб.




**39. Кинабго халкъалдехунги абуна: «нуж данделъун ругищ?**

**40. Нилъ киналго сихIрочагIазда нахъ рилълъина гьел Мусадаса бергьани» - абун.**

**4I. СихIру гьабизе абун жал цере рачIиндал сихIручагIацаги пиргIавнида абуна: «Ниж Мусадаса бергьани нижее ажро букIине бугищ?» - абун.**

**42. ПиргIавница абуна: «БукIине буго. Нуж бергьани нуж рукIине руго дида бищунго гIагарда рукIунеллъун» - абун.** Гьесда гIагар гьарурал гIадамал жидее бокьараб жоги кьолел, жидер къадроги гьабулел гIадамал рукIунаан.

**43. Муса аварагас гьезда абуна: «Нужеца цебе рехе нужерго сихIру гьабизе реххулеб алат» - абун.** Дун нужер сихIруялдаса хIинкъун гьечIо ва дица гьеб батIул гьабизе буго.

**44. Гьел сихIручагIаца жидерго кварал ва гIунсби гIодоре рехана ва жидеца абуна: «ПиргIавнил кIодолъиялдалъун ниж бергьине руго» - абун.** Гьезул кваразул ва гIунсбузул гIемерал борхьал руго абун кколеб сихIру букIана.

**45. Цинги Муса аварагас жиндир гIанса гIодобе рехана. Гьелъул цIакъго кIудияб борохь лъугьун гьелъ сихIручагIазул сихIру гьабурал кварал ва гIунсби къулчIун тIагIизаруна.**

**46. Гьеб мугIжизат бихьараб мехалъ киналго сихIрочагIи Мусаде цере суждаялда гIодор речIчIана.** Гьезда лъана Мусаца (гIв) гьабураб жо сихIру гьечIеблъи ва гьел Аллагьасдаса хIинкъана жал гьалаг гьарилин абун.

**47. Гьезги абуна: Нижеца иман лъуна гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьанасда.**

**48. Мусалги Гьарунилги (гIв) БетIергьанасда» - абун.**

**49. ПиргIавница абуна: «Нужеца гьесда иманищ лъолеб бугеб дидаса изнуги тIалаб гьабичIого ва дидаги гьикъичIого? Гьев Муса вукIун вугоха нужер бищунго кIудияв, нужедаги сихIру лъазабурав чи. Нужеда нахъа лъазе буго дица гьабулеб гучаб гIазаб! Дица нужер квералги хIатIалги къотIила цояб квегIаб цояб кваранаб. Цинги, бичасхIаги, дица нуж киналго гъутIбузул гIаркъалабазде ран гьенир делизарила» - абун.**

**50. СихIручагIаца абуна: «Нижее зарал гьабиларо гьел дур хIинкъи кьеяз. Ниж ТIадегIанав Аллагьасде (عز وجل) руссине руго ва гьев тIаса лъугьиялда нижер божиги буго.**

**5I. Нижер хьул буго Аллагьас нижер мунагьал чурилин. Ниж ругелъул гьаб къавмалдаса бищун цебе иман лъурал» - абун.** Аллагьасул лагIнат батарав пиргIавница жидеца сихIру гьабулел рукIарал гIадамал гIазаб гьабун хвезаруна. Бануисраилалги жиндир лагълъиялда чIезарун, бищунго захIматал хIалтIаби гьаризе тIамун, гьезие гIазаб гьабулеб букIана. Муса аварагасул дагIватги гьес босичIо, гьевгун цадахъ Бануисраилал Шамалда риччазеги разилъичIо.

**52. Дица Муса аварагасда вахIю гьабун амру гьабуна мун дир лагъзал Бануисраилалги рачун сардилъ вахъун ралъад бугеб рахъалде а! Нужеда хадур жиндир боялги рачун пиргIавнги вачIине вугин абун:** Мисриялъул ракьалдаса къватIире риччачIого нуж чIван тIагIинаризе къасдги гьабун.

**53. Цинги пиргIавница боял данде ахIулел чапарзаби ритIана жиндир шагьаразда.**

**54. Гьес абулеб букIана: «Гьал Бануисраилал дагьалго гIадамал руго.**

**55. Гьел гIадамаз нилъер ццим бахъизабун буго нилъер изноги гьечIого Мисриялдасан лъутизе къасд гьабун.**

**56. Нилъ киналго данделъун руго ва нилъ цIакъ цIодораб, хIадураб къавм буго» - абун.**


ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абулеб буго:

**57. Дица гьеб пиргIавнил къавм къватIибе бахъизабуна жидер бечедал ахал ва гIемерал лълъимал жалго тезарун.**

**58. Жидеца данде гьабун букIараб гIарац-меседги, чIухIарал минабиги тезарун.**

**59. Гьеб пиргIавнил къавм гьанкъизабун хадуб гьеб кинабго Мисриялъул ракь жиндир ахал-хурзалгун, гIарац месед ва чIухIарал минабигун дица Бануисраилазе ирсалъе кьуна.**

**60. ПиргIавнил къавм Бануисраилазда хадубе гьезе гIагарлъана бакъ баккулеб гIужалъ.**




**6I. Гьеб кIиябго къавм цоял цоязда рихьулеб бакIалде щвараб мехалъ Мусал (гIв) къавмалъ абуна: «Нилъеда хадур гьолел руго пиргIанил къавм» - абун.**

**62. Муса аварагас абуна: «Нужеда хадур гьеларо гьел! Дунгун цадахъ дир БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго ва гьес дида хIакъаб нух бихьизабизе буго нилъ пиргIавнил къавмалдаса хвасарлъизе» - абун.**

**63. Цинги дица Муса аварагасда вахIю гьабуна ралъадалда дур гIанса кьабеян абун. Гьеб ралъад бикь-бикьун ана ва щибаб къотIелги кIудияб мегIералда релълъун букIана.**

**64. Дица пиргIавнил къавм гьеб ралъадалда аскIоре рачана.** Ва гьелги Бануисраилал жанире лъугьараб хIалалъ ралъдалъе лъугьана.

**65. Дица Муса (гIв) авараг ва гьевгун цадахъ букIараб къавм цохIо чи хутIичIого ралъдалъан къватIире рахъинарун, гьел пиргIавнидаса ва гьанкъиялдаса хвасар гьаруна.**

**66. Цинги дица цогидаб къавм ралъдалъ гьанкъизабуна.** Тафсиралъул гIалимзабаца абуна: Муса аварагасул къавмалъул ахирав чи ралъдалъан къватIиве вахъиги пиргIавнил къавмалъул ахирав чи ралъдалъе лъугьинги цадахъ ккана ва гьеб лахIзаталъ ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) ралъад цоцаде тIаде биччана.

Бануисраилазул цо-цо гIадамал: «пиргIавн гьанкъизе рес гьечIо, гьев алагь вукIана»-абун кIалъалел рукIиндал Аллагьасул амруялдалъун ралъадалъ гьесул къаркъала Бануисраилазе бихьулеб бакIалда ралъдалъан къватIибе рехана ва киналго мукIурлъана гьеб къаркъала пиргIавнил букIиналда.

**67. Гьаб Муса аварагасул ва пиргIавнил къисаялъулъ** ва Аллагьасул **(عز وجل)** тушман пиргIавн гьанкъизе гьавиялъулъги пикру гьабулел гIадамазе **гIаламат буго жинца Аллагьасул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулеб. Гьединаб гIаламат Аллагьас бихьизабуниги гIадамазул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго.**

**68. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) жиндир гуч бергьарав хан вуго: Жпнда гIасилъаразе гIазаб гьабулев, гьездаса ццим босулев вуго. Жинда мутIигIал муъминзабада гурхIел цIоб кIудиявги вуго.**

**69. Дуца къавмалъе бице МухIаммад ﷺ, Ибрагьим аварагасул хабарги.**

**70. Гьев Ибрагьимица (гIв) жиндир имсуда ва къавмалда абураб гIуж бице: «Нужеца щиб жоялъе бугеб лагълъи гьабулеб?» - абун.**

**7I. Гьесул къавмалъ абуна: «Нижеца лагълъи гьабулеб буго хъанчазе. Нижеца кидаго гьезие лагълъи гьабизеги буго» - абун.**

**72. Ибрагьимица (гIв) абуна: «Гьезда нужер гьаракьгIаги рагIулищ нужеца гьезда ахIараб мехалъ?**

**73. Гьез нужее кинабгIаги мунпагIат яги заралги гьабулищ?» - абун.**

**74. Къавмалъ абуна: «Нижеца хъанчазе лагъэлъи гьабулеб буго нижер умамул гьезие лагъэлъи гьабулел ратиялдалъун» - абун.** Нижее гьез мунпагIатги гьабуларо, заралги гьабуларо. Ниж руго нижер умумуз гьабулеб батараб дин гьабулел гIадамал абун.

**75. Ибрагьимица (гIв) абуна: «Гьал хъанчал щал жал регеб бичIчIулищ нужеда?**

**76. Нужецаги, нужер ццересел умумузги жидее лагъэлъи гьабулел.**

**77. Гьел хъанчал дир тушбаби руго, дица гьезие лагъэлъи гьабуларо. Кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагьасе (عز وجل) гьабила дица лагъэлъи.**

**78. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинца дун вижарав ва жинца дун хIакъаб нухда тIовитIулев.** Гьал хъанчал гьечIо жидеца жо бижулел ва хIакъаб нухда тIоритIулел.


**79. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинца дун хьихьулев: дие тIагIамги лъэлъимги кьолев Разикъ.**

**80. Дун унтараб мехалъ дие дару-сабаб гьабулевги гьев БетIергьан Аллагь вуго.**

**8I. Дун хвезавулев, ахираталда чIаго гьавун тIаде вахъизавулевги гьев Аллагь (عز وجل) вуго.**

**82. Къиямасеб къоялъ дир мунагьал чурила абун жинда божи ва хьул бугевги вуго гьев Аллагь.**

**83. Я дир БетIаргьан Аллагь (عز وجل)! Дуца дие гIелму лъай кьун дун хIакъаб дин гьабулевлъун гьаве ва жидеда мун разиял лъикIал муъминзабада нахъ регIизавун, гьелгун цадахъ гьаве.**




**84. Дуца дун хун хадубги гIадамазда гьоркьоб дир цIар лъикIаб, ритIухъаб жоялдалъун рехсолеблъун гьабе**

**85. Дуца дун нигIматазул алжанал ирсалъе росулездасаги гьаве.**

**86. Дуца дир инсул мунагьал чуре,** гьев иманалда тIовитIе! **Гьев жал къосарал гIадамалгун цадахъ хъанчие лагъэлъи гьабулездаса вуго.**

**87. Дуца дун хIакъир гьавуге кинабго халкъ тIаде бахъинабулеб къоялъ.**

**88. Жиндилъ лъималаз ва боцIи-малалъ щибго мунпагIат гьабулареб къиямасеб къоялъ дун гIодогIан гьавуге.**

**89. БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) цеве купру-ширкалдаса, нипакъалдасан ва хIасадгин ццим бахъиялдаса ракI бацIцIадавлъун вачIарав муъминчиясе гьесул иманалъ ва лъикIаб гIамалалъ гурони цоги щибго жоялъ мунпагIат гьабулареб къиямасеб къоялъ.**

**90. Гьеб къиямасеб къоялъ Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарал муъминзабада алжан гIагар гьабула.**

**9I. Къосараб капураб къавмалъе жужахIги загьир гьабун гьезда цебе бачуна.**

**92-93. Капурзабада бадиб чIвай гьабун абула: «жакъа киреха арал нужеца Аллагьги (عز وجل) живго тун жидее лагъэлъи гьабулел рукIарал алагьзаби? Гьез нужее квербакъи гьабулеб бугищ? Яги гьезие жидерго напсаздасагIаги гIазаб нахъчIвазе кIолеб бугищ? - абун.**

**94. Цинги гьел капурзабиги, гьез жидее лагъэлъи гьабурал алагьзабиги бетIер беххе гьабун жужахIалда жанире реххула.**

**95. Киналниги иблисалъул боялги гьеб жужахIалда реххула.**

**96. Гьеб жужахIалда жанир цо-цалъ къацандулел рукIун капурзабаца абула:**

**97. Таллагьи, ниж цIакъ къосараллъун рукIун руго.**

**98. Нижеца халкъул гIаламалъулго БетIергьанасда цадахъ алагьзабилъун ккун, нужее лагълъи гьабулеб букIана.**

**99. Ниж къосизарурал гIадамалги нижер церехъаби руго,** ханзаби, хIакимзаби руго.

**I00. Жакъа нижее шапагIат гьабулев чи гьечIо.**

**I0I. Нижеда ракI бухIарав гьудул-гьалмагъги гьечIо, нижее кумек гьабизе кIолев.**

**I02. Вай аман Аллагь, ниж гьанже дунялалда тIад руссинарулел анищ, нижги муъминзабилъун рукIине! - абун.**

**I03. Гьаб жужахIалъул агьлуялъул хабараъулъги гIакъло - пикру бугел гIадамал кантIизе гIураб гIаламат буго. Киниги гIемерисел гIадамал жидеца пикру гьабуларел ва иман лъоларел руго.**

**I04. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго МухIаммад ﷺ, капурзабазе гIазаб гьабизе жиндир гуч бергьарав, муъмизабада гурхIел-рахIмоги гIемерав.**

**I05. НухIил (гIв) къавмалъги аварагзаби гьереси гьаруна.**

**I06. Гьеб къавмалда жидер насабалъул вац НухIица абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасда (عز وجل) гIасиилъизе хIинкъуларищ? - абун.**


**I07. Дун вуго нужеда гурхIун нужее хIакъаб жо бицулев Аллагьасул расул.** Дица гьереси бицунеб гьечIо, хиянатги гьабулеб гьечIо.

**I08. Нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа ва дида мутIигIлъе.**

**I09. Дица нужедаса ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо. Дие бугеб ажро-кири дир БетIаргьан Аллагьасда (عز وجل) тIад буго, цоги чиясда гьечIо.**

**II0. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа ва дие мутIигIлъе!» - абун.**

**III. НухIил къавмалъ абуна: «Нижеца дуда иманищ лъолеб, дуда нахърилълъарал чагIи гIодогIанал пакъирзабигурони гьечIеб мехалъ? - абун.**




**II2. НухIица абуна: «дида лъаларо гьез гьабулеб букIараб гIамал»** Дун гьечIо гьел гIадамазул гIамал ва гьезул хIал цIехолев чи.

**II3. Гьезул хIисаб-мизан гьаби дир БетIергьан Аллагьасда буго. Гьаб амру нужеда бичIулеб батани** нужеца иман лъе.

**II4. Дун гьечIо дида иман лъун аскIор рачIарал муъминзаби рачахъулев чилъун.**

**II5. Дун гьечIо дида тIад къараб хIалалъ Аллагьасда (عز وجل) гIассилъарал гIадамазе хIинкъи кьолев расул гурони.**

**II6. НухIил къавмалъ иман лъезе къасдго гьабичIо. Гьез абуна: «Дуца ниж Аллагь цо гьавиялда ахIиги, нижер хъанчие лагълъи гьаби ахIмакъаб иш буго абиги течIони, нижеца мун ганчIал речIчIун чIвазе вуго» - абун.**

**II7.** НухI аварагасул хьул къотIидал жиндир къавмалъ иман лъеялдаса, гьес къавмалъе квешаб дугIа гьабуна. **НухIица абуна: « Я дир БетIергьан! Дир къавмалъ дун гьереси гьавуна.**

**II8. Дуца гьездаги дидаги гьоркьоб дуего бокьарб хIукму гьабе ва дур гIадлоялдалъун ва гурхIелалдалъун дунги дида цадахъ ругел муъминзабиги гьезул купру-ширкалдаса ва зулмуялдаса хвасар гьаре» - абун.**

**II9. Дица гьев НухI авараг ва гьевгун цадахъ рукIарал муъминзаби хвасар гьаруна гIадамаз ва цогидаб рухIчIаголъиялъ цIезабун бугеб гамида тIад рекIизарун.**

**I20. Цинги гъоркь хутIараб капураб къавм дица тIупан тIун гъанкъизабуна.**

**I2I. Гьаб НухIил (гIв) къисаялъулъги буго Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Киниги гIадамазул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго.**

**I22. ХIакъалъунго дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго МухIаммад ﷺ, жинда инкар ккуразе гIазаб гьабизе гуч бергьарав, жинда иман лъуразе гухIел - рахIму гIемерав хан.**

**I23. ГIадил къавмалъги аварагзаби гьереси гьаруна.**

**I24. Гьезул насабалъул вац Гьудица (гIв) жидеда абураб мехалъ: «Нуж Аллагьаул гIазабалдаса хIинкъуларищ?**

**I25. Дун вуго Аллагьас (عز وجل) витIрав дида божизе бегьулев, нужее хиянат гьабулерев расул.**

**I26. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа ва дида мутIигIлъе!**

**I27. Дица нужедаса щибго мухь тIалаб гьабулеб гьечIо гьаб рисалат нужехъе щвезабиялда данде. Кинабго гIамалалъул ужра-мухь дир БетIергьан Аллагьасда (عز وجل) тIад буго, цоги щивго чиясда гьечIо.**

**I28. Нужеца щибаб борхатаб бакIалда мина балеб буго жиб борхатаб ва кIудияб, гьеб мина баялдасан щибго мунпагIатги гьечIого!**

**I29. Нужеца щулиял, кутакал кIалгIабиги ралел руго, нуж хвезего гьечIеб гIадин ва даимго дунялалда рукIине ругеб гIадин.**

**I30. Нужеца цо чиясда кьабизе ккараб мехалъ гурхIел гьечIел залимзабаца гIадин кьабулеб буго.**


**I3I. Нужеца гьел квешал гIамалал те! Нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа ва дида мутIигIлъун Аллагь (عز وجل) цо гьаве!**

**I32. Нуж хIинкъа гьев БетIергьан Аллагьасул гIазабалдаса гьал гIемерал ва кIудиял, нужеда жал рихьулел ва лъалел нигIматал нужее кьурав.**

**I33-I34. Нужее боцIи-малги васалги кьурав, ахал - хурзал, иццал - лъаралги кьурав.**

**I35. Дун хIинкъун вуго нуж гьеб хIалалъ иман лъечIого, тавбо гьабичIого хвани, нужеда жиндир хIинкъи гучаб къиямасеб къоялъул гIазаб щвела абун.**

**I36. Гьеб къавмалъ абуна: «Нижее щибго батIалъи гьечIо: дуца нижее вагIза гьабуниги, вагIза гьабичIого таниги.**




**I37. Гьеб дуца бицунеб жо гьечIо цересел гIадамаз ургъарал гьересиял харбал гурони.**

**I38. Нижее ахират букIине гьечIо ва гьениб гIазабги гьабизе гьечIо» - абун.**

**I39. Гьуд аварагасул къавмалъ гьев гьереси гьавуна ва дица гьеб къавмги гьалаг гьабуна. Гьаб ГIадил къавмалъул къисаялъулъги буго Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Гьедин бугониги гIадамазул гIемерисел жидеца пикру гьабуларел ва иман лъоларел руго.**

**I40. ХIакъалъунго дур БетIергьан Аллагь вуго МухIаммад ﷺ, жинда гIасилъараздаса рецIел босизе цIакъ гуч бугев, жиндие мутIигIлъаразда гурхIелги гIемерав хан.**

**I4I. Самудиязул къавмалъги аварагзаби гьереси гьаруна.**

**I42. Гьел Самудиязда жидер вац СвалихIица абураб мехалъ: «нуж Аллагьасда гIасилъизе хIинкъуларищ?**

**I43. Дун вуго Аллагьас (عز وجل) нужеда витIарав дица гьереси бицуларев ва хиянат гьабуларев расул.**

**I44. Нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун, Аллагь цо гьаве ва дун расул вукIин ритIухъ гьабе. Нуж дидаги мутIигIлъе!**

**I45. Дица нужедаса ужра тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул дин щвезабиялъухъ. Дие ажро ва кири гIаламалъул БетIергьанав Аллагьасда (عز وجل) буго, цоги щивго чиясда гьечIо.**

**I46. Нужеда ракIалдайищ кколеб нуж гьаб дунялалда рукIине ругин абун, щибго хIинкъи - къварилъи гьечIого, хвелги гьечIого.**

**I47. I48. I49. I50. Ахал хурзалгун лълъимал иццалгун. БатIи - батIиял рекьулел нигIматалгун, гьуинаб чамастакил ахалгун. Нужеца мугIрулги рорлъун кутакал, чIухIарал минабиги ралел руго, Нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа ва дие мутIигIлъе!**

**I5I. жидеца мунагь гьабулел ва чIухIдае боцIи хвезабулел хIакимзабазе мутIигIлъуге,**

**I52. ракьалда тIад пасалъаби гьарулел, лъикIаб гIамал гьабуларел квешаб къокъаялда нахъги рилълъунге.**

**I53.** Самудияз гьесул вагIзаялда гIинго тIамичIо ва гьев сан гьавичIого гIодовегIан гьавун, гьез абуна: **«Мун вуго цо гIадамаз сихIроги гьабун гIадаллъизавурав чи.** Дуца бицулеб жо нижеда ццебехун ргIичIеб, гIадалав чияс бицулеб хабар буго. Мун авараг кин вукIунев?

**I54. Мун вуго нижедаго релълъарав инсан. Мун авараг вуго абураб ргIиялъулъ ритIухъав ватани цо мугIжизат бачун вачIаха нижее» - абун.**


**I55. СвалихIица (гIв) абуна: «Гьале нужее варани. Гьаб вариялъ гьекъезе буго иццул лъим цо къоялъ, цогидаб къоялъ нужеца гьекъезе буго.**

**I56. Нужеца гьеб вариялъе щибго къварилъиги гьабуге. Нагагь нужеца гьелъие къварилъи гьабуни нужеда цIакъ гучаб гIазаб щвезе буго» - абун.**

**I57. Цинги жидеца гьеб варани хъуна. Гьеб хъун хадуб жал цIакъ пашманлъунги лъугьана.** Гьеб букIана жидеда гIазаб рештIинилан абун хIинкъун бугеб пашманлъи, гьеб букIинчIо жидер мунагьалда ракI бухIун тавбо гьабураб пашманлъи.

**I58. Цинги гьел Аллагьасул (عز وجل) гIазабалъ ккуна ва гьелаг гьаруна. Гьаб Самудиязул къисаялъулъги Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат буго гIакъло-пикру бугел гIадамазе. Амма гIадамазул гIемерисел иман лъоларел руго.**

**I59. Дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго МухIаммад ﷺ, жиндир гуч бергьарав ва жиндир гурхIел гIемерав хан.** Жинда гIасилъаразе гIазаб гьаби гучав вуго, жинда иман лъуразе гурхIел гьабиги гучав вуго.




**I60. ЛутIил (гIв) къавмалъги аварагзаби гьереси гьаруна.**

**I6I. Гьеб къавмалда жидер вац ЛутIица абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъуларищ гьесда гIассилъизе?**

**I62. I63. Дун вуго Аллагьас (عز وجل) нужеда витIарав, дица хиянат гьабуларев, дида божилъи бугев расул. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа ва дие мутIигIлъе!**

**I64. Гьеб Аллагьасул диналда нуж ахIанин абун дица нужедаса ужраги тIалаб гьабулеб гьечIо. Гьеб ужра дие кьезе кинабго гIаламалъул БетIергьанас тIаде босун буго.**

**I65. Нуж бихьиназда аскIорищ лъугьулел жимагI гьабизе, цониги халкъалъ гьабичIеб къабихIаб пишаги гьабун.**

**I66. Нужеца жалго толел руго** чIужулъун ячине ва жимагI гьабизе **Аллагьас (عز وجل) нужее рижарал руччаби. Нуж цIакъ гIорхъолъан ун къосараб ва пасадаб къавм буго.**

**I67. ЛутIил (гIв) къавмалъ абуна: «Мун нахъе къан чIечIони я ЛутI, гьеб дуца бицунеб хабаралдаса, нижеда гьоркьоса мун нахъе къотIизе вуго» - абун.**

**I68. ЛутIица абуна: «Дун нужеца гьабулеб гIамалалда цIакъ ццим бахъарав ва нужедаса рикIкIадав вуго.**

**I69. Я дир БетIергьан! Дуца дунги дир агьлоги гьаб къавмалъ гьабулеб къабихIаб пишаялдаса цIуне!» - абун.**

**I70. Дица гьев ЛутIги (гIв) гьесда иман лъураб агьлоги киналго хвасар гьаруна.**

**I7I. Гьесул херай чIужу хутIана жал гьалаг гьаруразда гьоркьой.** Гьей ЛутIил гьалбадерихъе квешаб къавм ахIулей йикIана ва гьеб къавмгун цадахъ гьалаг гьаюна.

**I72. Цинги нахъе хутIарал дица кутакаб гIазабалдалъун гьалаг гьарун тIагIизаруна.**

**I73. Дица гьезда тIаде ганчIазул цIадги базабуна. ЦIакъ квешаб цIад букIана гьеб, аварагас хIинкъи кьураб мехалъ гьесда мутIигIлъичIеб гьев гьереси гьавураб къавмалъе.**

**I74. Гьаб ЛутIил къавмалъул къисаялъулъги буго жидеца пикру гьабулел гIадамазе Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва хIужжа. Амма гIадамазул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго.**

**I75. Дур БетIергьан Аллагь вуго МухIаммад ﷺ, жиндир гуч бергьарав ва жиндир гурхIел гIемерав хан.**

**I76. «АсхIабулайкат» - абулеб къавмалъги гьереси гьаруна аварагзаби.**

**I77. Гьеб къавмалда ШугIайб аварагас абураб мехалъ: «Нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъуларищ гьесда гIасилъезе?**

**I78. Дун вуго Аллагьас (عز وجل) нужеда витIарав, дица хиянат гьабуларев, дида божилъи бугев расул.**

**I79. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа ва дие мутIигIлъе!.**


**I80. Дица нужедаса мухь тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул дин щвезабунин абун. Дие ажро кьезе буго кинабго гIаламалъул БетIергьан Аллагьас (عز وجل).**

**I8I. Нужеца жиндалъун тIошел ва цогидаб жо боцулеб къали цIезабе ва тIубазабе, ва нуж рукIунге цIадиро-къалиялдаса жо дагь гьабулеллъун.**

**I82. ЦIалеб жоги ритIарал цIадирабаздалъун цIай.**

==========

Абубакрат бину ал-ХIарис (ра) асхIабасдаса хIадис бицана:




***Аварагас ﷺ абуна: «КIиго бусурманчи хвалчабиги росун цояс цояв чIвазе абун данде араб мехалъ жив чIваравги жинца чIваравги жужахIалда уна» - абун. Дица абуна: Я расулаллагь ﷺ! Гьав жинца чIваравни жужахIалда ина, жив чIаравгIаги шай жужахIалде унев?- абун. Аварагас ﷺ абуна: «Жив чIван вукIинчIев ани, гьесулги ният букIана жинца жиндир гьалмагъ чIвазе!» - абун.***

Гьаб хIадисалдаса бичIчIунеб буго, квешаб ниятгун къватIив вахъарав чи тавбу гьабун жив нахъе вуссун гьечIони, цоги жоялдалъун гьеб квешаб гIамал гьабиялдаса жив нахъ чIваниги, гьесие жиндир нияталда рекъараб мунагь букIунеблъи. РакIалде рачIунел квешал пикрабаз инсан мунагьалде кколаро, гьеб квешаб гIамал жинца гьабичIони. Цоги гьаб хIадисалъ кантIизарулел руго шаргIияб гIилла гьечIого кIиго бусурманчи цоцаде данде вагъизе вахъин цакъ кIудияб мунагь букIиналде.

**I83. ГIадамазе кколеб хIакъги мукъсан гьабуге:** цIадиро-къали нукъсан гьабун, гуккун, хIалица ккун бугониги. **Ва нуж ракьалда тIад квешал пасалъаби гьарулеллъунги рукIунге.**

**I84. Жинца нужги, ццере арал киналго умматалги рижарав Аллагьасде (عز وجل) гIасилъизеги хIинкъа - абун.**

**I85.** ШугIайбил (гIв) къавмалъги гьев гьереси гьавуна, гьесда иман лъезе къасдги гьабичIо. Гьев авараг гIодовегIан гьавун **жидеца абуна: «Мун вуго цо гIадамаз сихIроги гьабун гIадаллъизавун, дуца бицунеб жо дудаго лъаларого гаргалев чи» - абун.**

**I86. Мун нижго гIадав инсан вуго,** авараг вукIине ккани дур нижедаса щибго тIокIлъиги гьечIо. **Нижеда ракIалда кколеб буго мун гьереси бицунев чи вугин абун.**

**I87. Авараг вугин абун дуца битIараб бицунеб батани, нижеда тIаде зобалъул цо къотIел бортизабеха! - абун.**

**I88. ШугIайбица (гIв) абуна: «Дир БетIергьан Аллагьасда лъала нужеца гьабулеб гIамал.**

**I89. Гьеб къавмалъ ШугIайб авараг гьереси гьавуна. Цинги гьелги гьалаг гьаруна бецIаб накIкIалъул гIазабалдалъун. Гьеб гIазаб букIана жиндилъ хIинкъи кIудияб къоялъул гIазаб.**

**I90. Гьаб ШугIайб аварагасул къавмалъул къисаялъулъ буго гIакъло бугел гIадамазе Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул къудрат кIудияб букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва далил. Гьедин бугониги гIемерисел гIадамал жидеца иман лъоларел руго.**

**I9I. Дур БетIергьан вуго МухIаммад ﷺ, жиндир гуч бергьарав ва жив гурхIулев хан.**

**I92. Гьаб хирияб Къуръан буго кинабго гIаламалъул БетIергьанас рештIизабураб, жинца гIадамал гIажиз гьарулеб Аллагьасул (عز وجل) калам.**

**I93. Гьеб босун МухIаммад ﷺ аварагасда Жабраил (гIв) малаик вачIана, зобалазул божарав чапарлъун жив вугев.**

**I94. Дур ракIалда гьеб Къуръан рештIизабуна МухIаммад ﷺ гIадамазе хIинкъи кьолездаса мун вукIине.**

**I95. Жиб пасихIаб ва баянаб гIараб мацIалда рештIизабуна гьаб Къуръан.** Дудехун къецандулел инкарчагIазул хIужжа къотIизабизе. Гьезда жинда релълъараб гьабизе кIолареб мугIжизатлъунги букIизе.

**I96. Гьаб Къуръаналъул бицен цересел умматазда рештIизарурал тIахьазда жанибги буго.**

**I97. Маккаялъул муширказе гьаб Къуръан Аллагьасул (عز وجل) калам букIиналда тIоритIел гьабулеб гIаламат буго гурищ гьелъул хабар Бануисраилазул гIалимзабада лъалеб букIин!**

**I98. Дица гьаб Къуръан цо гIажамияв чиясда рештIизабун букIарабани.**

**I99. Цинги гьев чияс Маккаялъул агьлоялъе гьебги цIалун букIарабани, гьез иман лъезе букIинчIо.**

**200. Гьединго дица гьаб Къуръан лъугьизабуна капурзабазул ракIазулъги.** Гьезда гьеб цIализе лъала, гьеб пасихIаб букIин ва жал гIажиз гьарулеб жо букIинги лъала.

**20I. Амма гьез Къуръаналда иман лъоларо, жидеда Аллагьасул (عز وجل) гIазаб бихьун гурони.** Гьеб буго къиямасеб къо ва гьеб иман лъеялъ гьезие щибго пайда букIуларо.


**202. Гьеб къиямасеб къоги гьезда тIаде тохлъукьего бачIизе буго ва гьезда щибго лъалеб жоги букIине гьечIо.** Тавбо гьабизе ва лъикIаб гIамал гьабизе ресги букIине гьечIо.

**203. Цинги гьел капурзабаца абизе буго ниж дагьалъ нахъе рахъун толарищ,** нижеца иман лъезе ва лъикIаб гIамал гьабизеян абун.

**204. Дир гIазаб хех бачIин тIалаб гьабулелищха ругел капурзаби?** Гьелда божичIого, гьеб махсароде гьабун.

**205. Дуца пикру гьабе МухIаммад ﷺ: Дица гьел капурзабазе гIемерал соназул гIумру кьуниги;** сах-саламат, нигIматал кьун гьел таниги.

**206. цингиги гьезие гьабизе хIакъаб гIазаб гьабулеб гIуж гьезда тIаде бачIараб мехалъ; 206. цингиги гьезие гьабизе хIакъаб гIазаб гьабулеб гIуж гьезда тIаде бачIараб мехалъ;**



**207. гьезие щибго мунпагIат гьабизе гьечIо гьеб халатаб гIумруялъги гIемерал нигIматазги.**

**208. Дица цониги росдал агьло гьалаг гьабичIо, гьезие хIинкъи кьолев авараг витIун хадуб гурони.**

**209. Гьеб гьалаг гьариги дица гьабула хадусел умматазе вагIзалъун букIине. Гьалаг гьарурал къавмазе дица щибго зулмуги гьабичIо.** Гьезухъе аварагзабиги ритIун, хIакъаб динги малъун, хIужжа-далилги бачун, хадуги гьез иман лъечIеб мехалъ гьаруна гьел гьалаг.

**2I0. Гьаб Къуръан шайтIабаца босун бачIараб гьечIо**.

**2II. Гьезда рекъараб гьечIо вахIю босун рачIизе ва гьезул гьелда хIалкIолъиги гьечIо.**

**2I2. Гьел нахъчIварал руго зобалазда бицулеб хабар жидеда ргIиялдаса.**

**2I3. Дуца гьев Аллагьгун (عز وجل) цадахъ щибго жоялъе лагълъи гьабуге! Гьедин лагълъи гьабуни мунги жидее гIазаб гьабулел мушрикалгун цадахъ вукIуна.**

**2I4. Дуца хIинкъи кье дурго гIагарал кьолбол гIадамазе!** Гьезда лъазабе Аллагь (عز وجل) цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабичIев чиясе жужахIалъул гIазаб букIизе бугин абун.

**2I5. Дуда нахърилълъарал муъминзабазе гурхIелалъул кваркьи тIибитIе дуца МухIаммад ﷺ!** Гьездехун хIалимав, хIеренав вукIа.

**2I6. Гьел гIадамал дуе мутIигIлъиялдаса рахъун дуда гIасилъун чIани, дуца гьезда абе: «Дун вацIцIадав вуго нужеца гьабулеб гIамалалдаса» - абун.**

**2I7. Дур киналго ишазулъ дуца таваккал тIаме МухIаммад ﷺ, жиндир гуч бергьарав ва гурхIел гIемерав БетIергьан Аллагьасда (عز وجل).**

**2I8. дуца гьабулеб гIибадат бихьулев: мун гьесие как базе вахъун чIараб мехалъги;**

**2I9. ва дуца жамагIатгун цадахъ рукугI-сужда гьабун как балеб мехалъги.**

**220. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо ргIулев ва лъалев.**

**22I. Дица дуда бицилищ МухIаммад ﷺ, шайтIаби жидер гьересияб вахIю босун лъиде рештIулеблъи?**

**222. Гьел рештIула бищунго жидер гьересиги капурлъиги бергьарал къосарал гIадамазда.**

**223. Гьел шайтIабаца жидеда ргIараб жо гьезул гьудулзаби кагьанатазда реххула.** Гьереси бицун жал гIалимзаби руго, балъгояб жо лъалел чагIи руго абун жидеца гIадамал гуккулел, «гIадамазул шайтIаби»- руго гьел кагьанатал.

**224. ШагIирзабада нахърилълъуна жал къосарал гIадамал.**

**225. Дуда рихьуларищ ва лъаларищ МухIаммад ﷺ, гьел шагIирзаби рукIин кинабго бакIалда гьоркьор лъугьулеллъун.**

**226. Гьез жидеца гьабулареб жоги гьабулин абун бицуна.**


**227.** Гьел шагIирзаби квешал гIадамал руго: **жидеца тавбоги гьабун, Аллагьасда иман лъун, лъикIаб гIамалалда жал руссарал гIадамал хутIизегIан. Жидеца зулму гьабулел гIадамазда нахъа лъазе буго кинаб квешаб гIазабалъ жал кколеблъи ва кинаб квешаб руссунеб бакI жидее бугеблъиги.**

==========

ГIаббасил вас ГIабдуллагьидаса (ра) хIадис бицана:

***ТIадегIанав Аллагьасул рахъалдаса бугеб хIадис бицунаго аварагас ﷺабуна: «Аллагьас (عز وجل) кинабго лъикIабги ва квешабги жо хъвана, цинги гьеб гIадамазе баянги гьабуна. Цо чияс лъикIлъи гьабизе къасд гьабураб мехалъ ва гьеб гьабичIого хутIараб мехалъ жив Хирияв ва ТIадегIанав Аллагьас гьесие цо лъикIаб гIамаллъун хъвала. Гьеб лъикIлъи гьабуни анцIго лъикIаб гIамаллъун хъвала, ва анкьнусго, ва жегиги цIикIкIун лъикIаб гIамаллъун хъвала. Цо квешаб гIамал гьабизе къасд гьабуни цинги тавбу гьабун квешлъи тани гьесиеги цо лъикIаб гIамал гьабураблъун хъвала. Нагагь гьеб квешаб гIамал гьабуни цо квешаб гIамал хъвала»*** - абун.

Гьаб хIадис буго хIадисул къудси абулел хIадисаздаса. Гьеб хIадис букIуна ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасда ﷺ илгьам гьабун (ракIалде реххун), яги макьилъ бихьун, яги цогидаб хIалалъ вахIю гьабураб калам. Гьеб хIадисалъул ргIаби Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан ругониги гьелъие Къуръаналъул хIукму букIунаро.




**27. Сурату Ннамли**

**I. TIa. Син.** TIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир мурад гьал хIурупаздалъун бугеб. **Гьал дуда рештIизарурал аятал руго МухIаммад ﷺ, Аллагьасул калам Къуръаналъул ва жиб баянаб тIехьалъул аятал.**

**2. Жинца муъминзаби хIакъаб диналда тIоритIулеб ва гьезда алжаналъул рохелги бицунеб Къураналъул аятал руго гьал.**

**3. Жидее алжаналъул рохел бицунел муъминзаби руго хIукъукъал тIубан къойил щуябго как балел, паризаяб закатги кьолел ва жидеца якъинго, шаклъи гьечIого ахираталда иманги лъолел муъминзаби.**

**4. Жидеца ахираталда иман лъоларел гIадамазе дица гьезда жидерго гIамалал берцин рихьизаруна.** Гьез гьабулеб къабихIаб ишалъул лъикIаб рахъ гурони гьезда бихьуларо. Масала мехтел гьекъолев чиясда гьеб гьекъон дагьабго мехалъ черхалъе бачIунеб тIадагьлъи ва аваданлъи бихьула ва лъала. Гьелъул гIемерал квешал рахъалги, гьелда жанир ругел балагьалги гьесда ракIалдацин щоларо. **Жидерго къосиналъулъ хIайранлъун свердулел рукIуна гьел.** Жидеда хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизего лъачIого.

**5. Гьал гIадамал руго жидее квешаб гIазаб букIине бугел ва ахираталда чIорого хутIараллъун рукIунел.**

**6. Гьаб Къуръан дуда рештIизабулеб буго МухIаммад ﷺ жиндир тадбир хIакимияв, махлукъаталъул маслахIатал жинда лъалев Аллагьас (عز وجل).**

**7. Дуца умматалъе вагIзалъун букIине Муса (гIв) аварагасул къиса бице МухIаммад ﷺ. Гьес жиндир чIужуялда абураб гIуж бице: «дида цо цIа бихьулеб буго. Дун гьенивги ун цо хабар босун вачIина, яги цIадул сунтурги босун вачIина гьелдалъун нужее хинлъи букIине» - абун.**

**8. Муса (гIв) авараг гьеб канлъи бихьараб бакIалда щведалго гьесдехун цо гьаракьалъ ахIана: Гьаб цIаялда аскIов вугесда ва гьесда аскIор ругездаги баракат лъеги. Гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагь (عز وجل) цIакъ вацIцIадав вуго киналго жиндие мукъсанлъи бачIунел сипатаздаса.**

**9. Я Муса (гIв)! Дун дур БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго, дир гуч бергьарав, дир ишазулъ хIакимияв.**


**I0. Дуца дур гIанса гIодобе рехе!- абун.**

**Муса аварагас гьеб гIанса гIодобе рехана: Жинда гьеб цIакъ хехго унеб борохьгIадин багъарун, шурун унеб бихьиндал, Муса (гIв) гьелдаса хIинкъун, мугъ бан вуссана, ва гьелда аскIов къачIого чIана. Цингиги Аллагьасул рахъалъан Мусада абуна: «Я Муса! Мун хIинкъуге! Мун дир расул вуго ва дир расулал дидаса гурони цоги щибго жоялдаса хIинкъуларо.**

**II. Дида мутIигIлъичIого жидеца напсазе зулму гьабурал хадуб тавбо гьабун жидеца лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамал хIинкъун рукIуна дир гIазабалдаса. Гьезиеги дун мунагьал чурулев ва гьезда гурхIулев вуго.**

**I2.** Хадубги Мусаде (гIв) абуна: **дуца дур квер бегье гордеялъул рагьараб бакIалдаса жанибе. Цинги гьеб къватIибеги бахъе. Гьеб квер жиб кенчIолеблъун бахъизе буго къватIибе ва дуе щибго заралги букIизе гьечIо. Гьаб кIиго кIудияб мугIжизат буго дуе,** ичIго мугIжизатазда гьоркьоб бугеб, **гьел мугIжизаталгун мун а пиргIавнихъе ва гьесул къавмалъухъе. Гьеб буго цIакъ пасикъаб ва гIасияб къавм.**

**I3. Гьев пиргIавнил къавмалъухъе баянал хIужаби рачIараб мехалъ ва жидеда мугIжизаталги рихьизаридал гьез абуна: «Гьаб жо буго жиб баянаб сихIру» - абун.**


الجزء التاسع عشر سورة النمل
وَجَحَدُوا۟ بِهَا وَٱسْتَيْقَنَتْهَآ أَنفُسُهُمْ ظُلْمًا وَعُلُوًّا ۚ فَٱنظُرْ كَيْفَ
كَانَ عَٰقِبَةُ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿١٤﴾ وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا دَاوُۥدَ وَسُلَيْمَٰنَ عِلْمًا ۖ
وَقَالَا ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ ٱلَّذِى فَضَّلَنَا عَلَىٰ كَثِيرٍ مِّنْ عِبَادِهِ ٱلْمُؤْمِنِينَ
﴿١٥﴾ وَوَرِثَ سُلَيْمَٰنُ دَاوُۥدَ ۖ وَقَالَ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ عُلِّمْنَا مَنطِقَ
ٱلطَّيْرِ وَأُوتِينَا مِن كُلِّ شَىْءٍ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ ٱلْفَضْلُ ٱلْمُبِينُ ﴿١٦﴾
وَحُشِرَ لِسُلَيْمَٰنَ جُنُودُهُۥ مِنَ ٱلْجِنِّ وَٱلْإِنسِ وَٱلطَّيْرِ فَهُمْ
يُوزَعُونَ ﴿١٧﴾ حَتَّىٰٓ إِذَآ أَتَوْا۟ عَلَىٰ وَادِ ٱلنَّمْلِ قَالَتْ نَمْلَةٌ يَٰٓأَيُّهَا
ٱلنَّمْلُ ٱدْخُلُوا۟ مَسَٰكِنَكُمْ لَا يَحْطِمَنَّكُمْ سُلَيْمَٰنُ وَجُنُودُهُۥ وَهُمْ
لَا يَشْعُرُونَ ﴿١٨﴾ فَتَبَسَّمَ ضَاحِكًا مِّن قَوْلِهَا وَقَالَ رَبِّ أَوْزِعْنِىٓ
أَنْ أَشْكُرَ نِعْمَتَكَ ٱلَّتِىٓ أَنْعَمْتَ عَلَىَّ وَعَلَىٰ وَٰلِدَىَّ وَأَنْ أَعْمَلَ
صَٰلِحًا تَرْضَىٰهُ وَأَدْخِلْنِى بِرَحْمَتِكَ فِى عِبَادِكَ ٱلصَّٰلِحِينَ
﴿١٩﴾ وَتَفَقَّدَ ٱلطَّيْرَ فَقَالَ مَا لِىَ لَآ أَرَى ٱلْهُدْهُدَ أَمْ كَانَ
مِنَ ٱلْغَآئِبِينَ ﴿٢٠﴾ لَأُعَذِّبَنَّهُۥ عَذَابًا شَدِيدًا أَوْ لَأَا۟ذْبَحَنَّهُۥٓ
أَوْ لَيَأْتِيَنِّى بِسُلْطَٰنٍ مُّبِينٍ ﴿٢١﴾ فَمَكَثَ غَيْرَ بَعِيدٍ فَقَالَ
أَحَطتُ بِمَا لَمْ تُحِطْ بِهِۦ وَجِئْتُكَ مِن سَبَإٍۭ بِنَبَإٍ يَقِينٍ ﴿٢٢﴾
٣٧٨

**I4. Жидеца гьел баянал хIужабазда инкар ккуна гьезие гьел хIакъал рукIин лъалеб букIаниги: жидеца напсазе зулму гьабун ва хIакъаб жо къабул гьабизе чIухIун. Мун валагьеха МухIаммад ﷺ, кинаб квешаб ахир букIараб гьеб пасадаб ва залимаб къавмалъул.** Дунялалда ралъдалъе гьанкъизаруна гьел, ахираталда абадияб цIадар рухIулелги рукIине руго.

**I5. Дица гIелму ва хIикмат кьуна Давуд (гIв) ва Сулайман (гIв) аварагасе ва гьев кIиясго Аллагьасе (عز وجل) рецц гьабун абуна: «ТIадегIанав Аллагьасе рецц буго жиндир муъминал лагъзадерил гIемерисездаса ниж хира гьарурав» - абун.** Давуд авараг вукIана ГIиса гьавизе азарго гIан соналъ цеве, хадув Сулайман аварагги вукIана

**I6. Давуд аварагасул ирс босана Сулайман аварагас.** Давудил боцIи-мал ва цогидаб бечелъи-хазина босичIо Сулайманица ирсалъе. Гьес ирсалъе босана авараглъи ва гIелму. Калбий абулев гIалимас абуна: Давуд аварагасул анцIила ичIго лъимер букIана. Гьезда гьоркьосан Сулайман аварагас босана ирсалъе Давуд аварагасе букIараб ханлъи ва авараглъи. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) Давуд аварагасе шайтIабиги, жундулги, гIадамалги квегъун рукIана. РухI чIаголъиялъул мацIги лъалеб букIана. Сулайман (гIв) аварагасе Аллагьас жегиги цIикIараб гIелму- хIикмат кьуна, кIудияб ханлъиги кьуна.

**Сулайман аварагас абуна: «Я гьал гIадамал! Аллагьас дида лъазабун буго хIанчIазул мацI.** Ва цогидаб кинабго рухIчIаголъиялъул мацIги. **Гьединго Аллагьас дие дунялалъул ханлъи кьун буго** цониги ханасе ва маликасе кьечIебгIан камилаб ва гIемераб. **Гьаб иш буго ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб жиб баянаб ва загьираб цIоб-рахIмат.**

**I7. Сулайман аварагас жиндир киналго боял данде гьаруна; жундулги, гIадамалги, хIанчIиги. Гьел цIакъ нечон ва мутIигIлъун рукIана Сулайман аварагасда ццере рачIине.** Гьел мухъал гьарун, гIадло-низам камил гьабунги рукIана.

**I8. Цинги гьев Сулайманил аскарал цо цIунцIраби ругеб кIкIалахъе щолеб мехалъ, гьенир ругел цIунцIрабазул ханалъ абуна: «Я гьал цIунцIраби! Нуж нужерго рукъзабахъе лъугьа! Нуж мерхьизе бегьула Сулайманица ва гьесул бояз, гьезда нуж рихьичIого» - абун.** Гьезие хIинкъи кьуна жал рахчизе ва жидеца цIодорлъи гьабизе.

**I9. Гьелъул рагIиялдаса вохун Сулайман авараг хьимун велъана.** Цинги гьес абуна: **«Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца дие тавпикъ кье дие ва дир инсуе кьурал дур нигIматазе щукру гьабизе. Мун разилъулеб лъикIаб гIамал гьабизеги тавфикъ кье. Дур цIоб-рахIматалдалъун дуца дун мун жинда разиял лъикIал гIадамалгун цадахъ алжаналдаги лъугьинаве» - абун.**


**20. Цинги Сулайман аварагас жиндир хIанчIазул боязул хал гьабуна ва гьес абуна: «Дие гьуд-гьуд бихьулеб гьечIогурищ? Гьеб гьуд-гьуд гьаниб гьечIого рикIкIад унищ бугеб?** Яги нужеда гьоркьоб бугониги дида бихьуларогойищ бугеб?

Гьаб аяталдаса бичIчIулеб буго кинавниги тIад вугев чиясда жиндир рагIияталъул тIалаб-агъаз гьабизе тIадаб букIин. Жинда Аллагь разилъаяв ГIумар асхIабас абулеб букIана: «Пурат гIурул рагIалдаса цо кьегIер бацIица бикъун аниги Гіумар (ра) асхIабасда гьелъул хIакъалъулъ гьикъизе буго»-абун. Гьев ГIумар асхIаб цIакъ яхI бахъун жиндир рагIияталъул хIал цIехолев ва гьезул хIажатал тIуразарулев халипа вукIана.

Сулайман аварагас хIанчIазул боязул хал гьабуна, гьезда гьоркьоб унтараб, загIипаб бугодай абун цIех-рех гьабуна. Гьезда гьоркьоб гьуд-гьуд бихьичIеб мехалъ, гьеб бихьун гутIи жиндир гIайиб букIиналда ишара гьабун, жинца абуна: «дие лъугьараб жо щиб бугеб гьуд-гьуд бихьичIого букIизе ккани? Дир канлъиги ун гьечIо, цогидал хIанчIиги дида рихьулел руго»- абун.

**2I. Гьеб гьуд-гьуд гьечIеблъи якъинлъараб мехалъ, Сулайман аварагас абуна: Дица гьелъие гучаб гIазаб гьабила, яги дица гьеб хъвела, яги гьеб дихъе бачIина баянаб хIужаги бачун, жиб щиб сабаблъун дир изну гьечIого рукIкIалъараб абун.**

**22. Дагьабго мех гьоркьоб индалго гьуд-гьуд бачIана ва гьелъ абуна: «Дида лъана ва бихьана дуда лъачIеб жо я Сулайман! Дун духъе бачIана Сабаъ абулеб ракьалдаса дуе баянаб хабарги ва цIакъ кIвар бугеб амруги босун.**




**23. Дида чIужу гIадан ятана гьеб Сабаалъул къавмалъул ханлъун**. Гьелда цIар Билкъис букIана. **Гьелъие Аллагьас (عز وجل) кьун буго ханзаби жинда хIажалъулеб кинабго жо.** КIудияб улкаги буго, бечедаб ракьги буго, рагъ гьабизе бахIарзалги руго, ярагI-матахIги буго. **Гьелъул жий тIад чIолеб цIакъ чIухIараб ва кIудияб тахги буго** Жавгьар якъуталъ къачIараб, меседил тах буго, жиндир къимат ва багьа гьабизе кIолареб.

**24. Дида гьей Билкъисги гьелъул къавмги батана жидеца ТIадегIанав Аллагьасе гьабичIого бакъуе лагълъи гьабулеллъун. Гьезие гьеб гIамал берцин бихьизабун буго шайтIаналъ ва гьелги руссизарун руго битIараб нухдаса ва хIакъаб диналдаса. Гьел руго жидеда Аллагь (عز وجل) цо гьавизе ва гьесие лагълъи гьабизе кколеблъи лъаларого.**

**25. Гьез лагълъи гьабулеб буго Аллагьас (عز وجل) бижараб бакъалъе ва гьал зобал ракьал жинца рижарав ва гьезда жаниб бугеб кинабго балъголъиги жинда лъалев Аллагьасе гьечIо лагълъи гьабулеб: нужеца балъго гьабурабги загьирго гьабурабги кинабго иш жинда лъалев.**

**26. Жив цогояв, цоги жинда релъарав гьечIев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав. ЦIакъ кIудияб гIаршалъул БетIергьанги вуго гьев Аллагь (عز وجل).** Гьаб аят цIалараб мехалъ сужда гьабизе суннатаб буго.

**27. Сулайманица (гIв) абуна: «Нилъ балагьизе руго дуца бицараб рагIи битIарабищ бугеб, яги мун гьереси бицунездасанищ бугеб абун.**

**28. Мун гьанжеги а гьеб Сабаалъул ракьалда гьаб дир кагъатги босун. Гьезул мажлисалда цебе гьеб кагъатги рехун мун нахъе** бусса ва рикIкIад инчIого, гьез бицулеб жо рагIулеб бакIалда чIа. **Дуца лъазабе щиб жавабдай гьез дир кагъаталъе кьезе бугоян абун.**

**29. Билкъисица жинда сверухъ ругел вазирзабада ва гIакълучагIазда абуна: «Я гьаб жамагIат! Дида цебе рехана жиндир къимат кIудияб кагъат.**

**30. Гьеб кагъатги Сулайман аварагасул рахъалъан буго ва гьелда тIадги хъван буго: «Жив гурхIулев, гурхIел даимав Аллагьасул цIаралдалъун байбихьи гьабун хъвалеб буго гьаб кагъат.**

**3I. Нужеца дида данде чIун чIухIи ва гIамал кIодолъи загьир гьабуге. Нуж Аллагьасда (عز وجل) иманги лъун, дун гьесул авараг вукIин ритIухъги гьабун, дида аскIоре рачIа»-абун.**

**32. Цинги Билкъисица абуна: «Я гьаб жамагIат! Нужеца дие фатва (хIукму) кье дица щиб жавабдай кьела абун. Дида лъалеб гьечIо ва дие бокьун гьечIо дицаго хIукму гьабизе нужеца нугIлъи гьабун, нужер хIукмуялда рекъон гурони» - абун.**


**33. Гьеб жамагIаталъ абуна: «Ниж руго къуват-гуч бугел, рагъуе махшел бугел, ярагъ лебалал гIадамал. Мун йиго хан ва дуца гьабе хIукму.** Дуца дуего бокьараб хIукму гьабе, нижеца гьеб тIубазабизе буго»-абун. Гьаб буго гьезул мутIигIлъи камилаб букIин бихьизабулеб жаваб.

КъуртIубияс абуна: Билкъисица цIакъ берцинаб гIамал гьабуна жиндир амруялъулъ гьеб жамагIат гIахьал гьабун ва гьезда мушавара гьабун. Гьеб жамагIаталъги гьей разилъулеб жаваб кьуна, жидер къуват- гуч букIин бицун ва жидер камилаб мутIигIлъиги бицун. Гьаб цоцаздехун бугеб берцинаб мушавара ва берцинаб калам жиндаса мисал босизе рекъараб букIана, гьезул амруялъул бетIер

чIужугIадан йикIинчIебани. Билкъис гIакъло бугей ва цIодорай йикIин бихьизабулеб буго гьелъул хIукмуялъ-абун.

**34. Билкъисица абуна: «Ханзабазул гIадат буго жал цо шагьаралда лъугьараб мехалъ, гьеб шагьар пасад гьабулеб. Гьеб шагьаралъул бищунго къадро бугел гIадамалги цIакъго гIодогIан гьарула. Гьадин гьабула жал бергьарал ханзабаз.** Гьаб кагъат битIарав Сулайманицаги гьебго иш гьабила нилъеца дандечIей гьабуни ва нилъер гьунар-къуватги гьечIони. Нилъее лъикI буго цин гьел щал гIадамал ругел ва гьезул мурад щиб бугеб лъазабуни.

**35. Дица гьев Сулайманихъе сайгъаталги росун цо къокъа битIине буго ва гьел щиб жаваб босундай рачIулаян балагьун чIезе йиго» - абун.** Гьелда лъалеб букIана сайгъатаца ва берцинаб каламалъ гIадамал кверде росулеблъи.




**36. Гьел чапарзаби жидер сайгъаталги росун Сулайманихъе рачIараб мехалъ** гьев сайгъатазда валагьичIо **ва гьес абуна: «Нужее бокьунищ бугеб боцIи-малги кьун дун кодове восизе ва нуж купру-ширкалда тезе? Аллагьас дие кьураб бечелъиги, ханлъиги цIакъ гIемераб ва кIудияб буго.** Аллагьас дун авараглъиги кьун тIаса вищун вуго, гIадамал Аллагьасе гIибадат гьабиялда ахIине. **Нуж руго дунялалъул ханлъи ва бечелъи бокьарал гIадамал, гьедин бугелъул нуж роххулел руго нужее сайгъатал кьураб мехалъ.**

**37.** Сулайманица абуна**: «Мун тIад вуссун а дурго къавмалъухъе ва дуца гьезда лъазабе дун вачIизе вукIин рикIкIен гIемерал боялги рачун, гьезда данде чIезе нужер хIал кIоларел. БичасхIаги, дица гьел жидер ханлъиялдаса ва ватIаналдаса къватIире рахъинарила гIодорегIаналлъун ва хIакъираллъун гьарун.**

**38. Сулайманица абуна: «Я гьаб жамагIат! Щив вугев нужеда гьоркьов гьей Билкъис дие мутIигIлъун ва иманлъун гьание щвелелда гьелъул тахги бачун вачIине кIолев чи?» - абун.** Гьелъ иман лъун хадуб гьелъул тахалда ханлъи гьаби бегьуларелъул, гьей жинда аскIой щвелелдего гьелъул тах бачIун букIине бокьана Сулаймание (гIв).

**39. Жундузул цIакъ къуватаб ва гучаб цо женалъ абуна: «Дун бачIина духъе гьеб тахги бачун мун хIукму къотIизе гIодов чIараб мажлисалдаса тIаде вахъинелде. Дун гьеб тах бачун бачIине кIолеб буго ва гьеб сах-саламат, гьелда тIад бугеб жавгьар - якъут цIунун бачIине дида божилъи бугебги буго» -** абун.

**40. Жинда аскIоб Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан гIелму бугев чияс абуна: «Дун вачIина духъе гьеб тахги бачун, дуца балагьараб бер къапилебгIан хекого» - абун. Сулайман** аварагасда жинда цебе бачIун чIун гьеб гIажаибго берцинаб тах бихьидал **гьес абуна: «Гьаб иш буго Аллагьас (عز وجل) дие гьабураб кIудияб цIоб - рахIмат. Гьалдалъун Аллагьас дир хIалбихьиги гьабулеб буго дун жиндир нигIматал лъан, гьезда шукру гьабулездаса вугодай абун, яги гьел нигIматазул къимат лъачIого гьезда инкар кколевдай вуго абун. Аллагьасул нигIматазда шукру гьабулев чи вуго жиндиего лъикIлъи гьабулев чи:** гьес щукру гьабураб мехалъ Аллагьас (عز وجل) гьесие жегиги нигIматал цIикIизарула. **Гьел нигIматазда гIадамаз инкар ккунин абун Аллагьасе (عز وجل) щибго асар букIунаро. Аллагь хIажатав гьечIо гIадамазул шукруялда, ва Гьев цIакъ сахаватав вуго.**


**4I. Сулайманица (гIв) абуна: «Нужеца гьей Билкъисида лъалареб хIалалъ гьелъул тахалъул сипат хисизабе! Нилъги балагьизе руго гьей гIелму - гIакъло бугей йигодай ва гьеб тах жиндир букIин гьелда лъаладай абун, яги гьей гьеб тах лъаларейдай йиго абун.**

**42. Цинги Билкъис** Сулайманида аскIое щведалго, гьелда жиндир тах бихьизабуна ва **гьелда абуна: «Гьадинаб бугищ дур тах» - абун. Билкъисицаги абуна: «Гьеб дир тах бугеб гIадин буго» - абун.** Гьеб жиндир тах букIин лъана Билкъисида, гьедин бугониги дозул суалалда релъулъинабун

кьуна жаваб. **«Аллагьас (عز وجل) нижее гIелму-лъай кьуна гьай Билкъисие кьелелде цебего, ва ниж гьаруна гьев лъалеллъун ва гьесие гIибадат гьабулеллъун, - гьеб буго бищунго кIудияб гIелму ва нигIмат.**

**43. Гьей Билкъис Аллагьасда иман лъеялдаса нахъчIвана жинцаги жиндир къавмалъги бакъ-моцIалъе лагъалъи гьабулеб букIиналъ. Аллагь (عز وجل) гуреб жоялъе гIибадат гьабиялдалъун гьейги йиголъана капураб къавмалдаса.**

**44. Цинги Билкъисида** гьелъие хIадурараб кIалгIаги бихьинабун **«Мун гьений жаний лъугьаян» - абуна. Гьелда гьений унеб нух бацIадаб, берцинаб лъим бугин ккана ва жинца гурде эхедегIан гьабун бохдул ва хIатIал загьир гьаруна. Сулайманица абуна: «Гьеб жо лъим гьечIо, гьеб буго бацIцIадаб цIералъул гьабураб кIалгIа» - абун.** Гьал киналго гIаламатал рихьидалго **Билкъисица абуна: «Я дир БетIергьан! Дица дирго напсалъе зулму гьабун буго гьанжелъизегIан Аллагь цо вукIин лъан гьесие гIибадат гьабичIого. Гьанже дун гьав Сулайман аварагас гьабулеб диналда божана ва кинабго гIаламалъулго БетIергьанлъун жив вугев Аллагьасе мутIигIлъана ва гьесул амруялда нахъ йилълъана» - абун.**




**45. Дица Сумудиязул къавмалда расуллъун витIана гьезулго вац СвалихI. Гьес жиндир къавм ахIана Аллагь (عز وجل) цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялда. Амма гьеб къавм СвалихIида (гIв) гIенеккичIо ва батIи-батIиял къокъаби гьарун цоцазде къацандулел рукIана.**

**46. СвалихIица (гIв) абуна: «Я дир къавм! Нужеца нужеего квешаб жо хехго бачIин щай тIалаб гьабулеб, лъикIлъи тIалаб гьабиялдасаги цебе гьабун. Нужеца Аллагьасдаса мунагьал рахчи тIалаб гьабуни ва тавбо гьабун лъикIаб гIамал гьабуни, нужеда Аллагь гурхIила.** Ва нуж Аллагь разияб агьлогун цадахъ алжаналде лъугьила.

**47. СвалихIил къавмалъ абуна:. «Нижее баракат гьечIолъи бахана дудаса ва мунгун цадахъ ругел муъминзабадаса» - абун. СвалихIица абуна: «Нужее бугеб баракат гьечIолъи буго нужер купру сабаблъун Аллагьас (عز وجل) нужее гьабулеб гIазаб. Нуж руго шайтIаналъ питнаялда ккезарурал гIадамал.** Нужеда хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе лъалеб гьечIо ва Аллагьас нужее гьабураб хIалбихьи ва къварилъи нужер аварагасулги гьесда мутIигIлъарал муъминзабазулги гIайиб бугин абулеб буго.

**48. СвалихIил къавмалъул, «ХIижру» абулеб шагьаралда рукIана ичIго залимав чи. Гьез ракьалда тIад цIакъ пасалъи гьабулеб букIана ва гIадамазе зулму-къварилъи гьабулеб букIана, гьезул цониги лъикIаб гIамалги букIинчIо.**

Тапсиралъул гIалимзабаца абуна: «Гьев ичIго чи вукIана СвалихIил капураб къавмалъул церехъабазул лъимал. Гьез жидеда хадур ракIарун рукIана киналго иман гьечIел, пасалъи гьабулел квешал гIолохъаби ва жидеца гьеб шагьарада ва цогидаб бакIалдаги гIадамазе зулму гьабулеб букIана. Гьез гIадамал СвалихIида иман лъеялдаса нахъчIвалел рукIана ва иман лъурал муъминзабазеги къварилъи гьабулеб букIана. Цоги гIалимзабаца абуна гьезул пасалъиялда гьоркьоб гьересияб гIарацги букIанин абун.

**49. Гьеб пасадаб къавмалъул церехъабилъун ругел гIолохъабаз цояз цояздехун абуна: «Нужеца Аллагьасул цIаралдалъун гьа гьедун къотIи гьабе сардилъ къватIире рахъун СвалихI авараг ва гьесда иман лъурал муъминзабиги чIвазе. Гьел чIван хадуб нилъеца СвалихIил валиясда** (гьесул къисас босизе кколев бищун цевесев гIагарав чи) **абила: «Нижеда бихьичIо гьев СвалихIги гьесул агьлоги гьалаглъараб куц. Нижеда лъаларо лъица гьев ва гьесул агьло чIвараблъи. Нижеца бицунеб ргIиги битIараб буго» - абун.** Цинги гьересияб гьаги гьедун гьев вали божизавила нилъер ргIиялда.

**50.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Гьеб капураб къавмалъ СвалихIие (гIв) ва муъминзабазе макро гьабизе къасд гьабун букIана. Дицаги гьел капурзабазе макро гьабуна гьезда щибго жоги лъаларе хIалалъ.**


**5I. Дуца пикру гьабе МухIаммад ﷺ, кинаб ахирдай гьел макрочагIазул букIана абун. Дица гьел квешал гIадамалги ва гьезул къавмги гьалаг гьарун гьезул насло-тухум тIагIизабуна.**

**52. Гьел жанир чIун рукIарал рукъзал ва шагьарал чIунтун чIвадал лъугьун руго гьезул зулму ва купру сабаблъун.** Гьел гьалаг гьаруна, гьезул росаби ва шагьарал чIунтун тIагIана. **Гьаб СвалихIил къавмалъул къисаялъулъ ва гьезул чIунтун тIагIарал шагьаразулъги жидеда жо лъалел ва пикру гьабулел гIадамазе Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламат ва хIужа-далил буго.**

**53. Дица гьалаг гьариялдаса хвасар гьаруна Аллагьасда (عز وجل) иман лъун гьесдаса хIинкъулеллъун рукIарал муъминзаби.**

**54. ЛутI (гIв) аварагасул къисаги бице дур умматалъе вагIзалъун букIине. Гьес жиндир къавм Садумалъул агьлуялда абуна: «Нужеца гьеб цIакъ къабихIаб пишайищ гьабулеб, гьеб иш къабихIаб ва инжитаб букIин нужеда якъинго лъалебги букIадго? - абун.**

**55. Унго-унго нуж бихьиназда нахъейищ лъугьулел, нужер шагьват тIубазе ва гьеб нужер напсазе берцинги бихьун, Аллагьас (عز وجل) гьеб шагьват тIубазелъун рижарал руччабиги жалго тун? Валлагьи, нуж ахIмакъаб, лъикIаб квешаб жо батIа гьабулареб къавм буго.**




**56.** ЛутI аварагасул дагIваталъе къавмалъ кьураб **жаваб букIана жидеца аби: «Нужеца ЛутIги гьесул агьлоги нужер росолъан къватIире къотIе! Гьел руго жал хъубаб жоялдаса цIунарал, нилъер гIамалги къабихIаб жолъун рикIкIунел гIадамал» - абун.**

**57. Дица ЛутI авараг ва гьесул агьлоги хвасар гьабуна гьеб къабихIаб пиша гьабулеб къавмалдаса ва гьезда тIаде биччараб гIазабалдасаги. ЛутIил (гIв) чIужу, жал гьалаг гьаруразда гъорлъ йикIине къадар гьабун букIиналъ, гьей хвасар гьайичIо гIазабалдаса.**

**58. Дица гьезда тIаде цIакъ квешаб цIад базабуна. Гьеб букIана жидее хIинкъи кьураб мехалъ гьелда гIенеккичIеб къавмалда базабураб жужахIалъул роркьарал ганчIазул цIад.**

**59. Дуца абе МухIаммад ﷺ, кинабго шукру ва рецц Аллагьасе (عز وجل) буго, гьес кьурал кIудиял нигIматазда данде ва гьесул цIоб-рахIматалда дандеги. Гьев Аллагьасул саламги буго жинца авараглъиялъе тIаса рищарал лъикIал муъминзабада.** ТIадегIанав Аллагьас амру гьабуна жиндир калам бай бихьуда Аллагьасе рецц гьабе ва гьесул аварагзабада свалат-салам битIе абун. Гьаб амру аварагасги тIубазабуна, гьесда хадур рукIарал хириял асхIабзабаца ва киналго лъикIал имамзабаца ва гIалимзабацаги тIубазабуна. Нилъехъе бачIараб хIалалъ нилъедаги тIадаб буго лъикIаб гIамал гьабизе бай бихьулеб мехалъ: вагIза гьабизе, дарс цIализе, ва дагIават гьабизе, ригьин гьабизе ва цогидалги ишал гьаризе Аллагьасул цIаралдалъун бай бихьун, гьесие рецц гьабун, гьесул расулазда свалатги битIун бай бихьизе.

Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ, жинца кинабго жо бижарав, гьеб хьихьулев, гьелъул тадбир гьабулев **Аллагьищ лъикIав вугев** жиндие лагъалъи гьабизе ва жив БетIергьанлъун вукIине, яги жидеца шибго мунпагIат яги зарал гьабуларел, **Аллагьасде ширк гьабун нужеца лагъалъи гьабулел хъанчалищ лъикIал ругел? - абун.**

**60. Жинца зобалги ракьалги рижарав, жинца зодиса цIад рештIизабурав ва гьелдалъун нужее ахал-хурзалги рижизарурав, берцинал, гьуинал пихъал рижизарурав** ва гьеб пихъ тIад бижулел


гьутIбиги рижизарурав. **Нужер хIал кIолеб букIинчIо гьел гьутIби** ва гьаниб рехсараб жоялдаса щибго жо **бижизабизе. Гьав Аллагьгун (عز وجل) цадахъ цогиги алагьишха вугев?**

Гьаб камилаб хIалалда зобал ракьалги рижарав, гьезда жаниб бугеб гIажаибаб жоги бижарав Аллагь (عز وجل) гурев цоги щив вугев жиндие лагълъи гьабизе хIакъав? ГьечIо цоги аллагь**. Жидеца ширк гьабулеб къавм буго Аллагьасда башад гьарун хъанчал ва цогидал гьес рижарад жал лъолел ва гьезие лагълъи гьабулел.**

**6I. Гьаб ракь нуж тIад чIолеб бакIлъун гьабурав, гьеб ракьалда тIад чвахулел гIорал-лъарал гьарурав, гьеб ракьалда тIад бутIрулгIадин мугIрулги гьарурав, жинца кIиго батIияб ралъдал лълъималда гьоркьоб пардавги гьабурав. Гьав Аллагьгун цадахъ цогиги алагьишха вугев, гьаб рехсараб жо бижизе хIал кIолев?** ГьечIо цоги Аллагь жинца жо бижулев ва жиндие гIибадат гьабизе хIакъав. **Жидеца ширк гьабун алагьзабилъун хъанчал ва гIадамал кколезул гIемерисел жидеца гьабулеб жо щиб бугебцин лъаларел руго.**

**62. Жинда къварилъи-балагь щварав чияс ахIи бараб мехалъ гьесие жаваб кьезе кIолев ва гьесдаса къварилъи борхизе кIолев чи вугищ?** ГьечIо гьединав чи цохIо Аллагь (عز وجل) гурев. **Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинца нуж гьаб ракьалда тIад халипабилъун гьарурав. Гьав Аллагьгун цадахъ цоги аллагьишха вугев? Гьаб жо бичIчIулев ва гьалъул вагIза босулев чи цIакъго дагь гурони гьечIо.**

**63. Гьаб ракьалда тIадги, ралъдада тIадги бецIлъуда ккараб мехалъ гьеб бецIлъуда рукIадго нужеда нух лъазабулев щив вугев? Аллагьасул (عز وجل) рахIматлъун бугеб цIад балелде цебе рохалил чапарлъун гьурал ритIулевги щив вугев?** Аллагь вуго гьеб иш гьабулев. **Гьав Аллагьгун цадахъ цогиги аллагьишха вугев, жинца гьеб иш гьабулев ва жиндие гIибадат гьабизе бегьулев?** ГьечIо гьединав цоги алагь. **Жив ТIадегIанав вуго Аллагь (عز وجل) гьел мушрикаца жиндехун ширк гьабулеб жоялдаса.**




**64. Жинца кинабго жоялъул бижи бай бихьулев ва ахираталда цIидаса рухIлъун гIадамал тIаде рахъизарулев щив вугев? Зобалаздаса ва ракьалдаса нужее ризкъи кьолевги щив вугев?** ТIадегIанав ва жив цогояв Аллагь вуго гьеб ищ жинца гьабулев. **Гьав Аллагьгун цадахъ цогиги алагьишха вугев жинца жо бижулев ва жинца ризкъи кьолев?** ГьечIо цоги аллагь цохIо Аллагь гурев. **Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад ﷺ: «Нуж рачIаха нужерго хIужа-далил бачун, гьеб дагIбаялъулъ нуж ритIухъал ратани» - абун.**

**65. Дуца абе МухIаммад ﷺ: Гьаб ракьалда тIад ругел ва зобалазда ругел Аллагьасул (عز وجل) махлукъаталда:** гIадамазда, малаикзабада ва жундузда **балъгояб жо лъаларо, гьеб балъгояб жо лъала цохIо Аллагьасда. Жал кидал тIад рахъизарулебги лъаларо гьаб халкъалъул цониги чиясда.**

Гьаб аят рештIизабиялъе сабаб бицана: мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда абун букIана дуца нижеда бице къиямасеб къо кида чIезе бугебин абун. Гьезие жаваблъун Аллагьас (عز وجل) гьаб аят рештIизабуна.

Гьаб аяталъ тIоритIел гьабулеб буго балъгояб жо лъалев щивго чи гьечIолъиялда гIадамал ругониги, жундул ругониги, малаикзаби ругониги. Жинда Аллагь разилъаяй ГIайшатидаса бицараб хIадисалда буго: *«МухIаммад ﷺ аварагасда метер букIинесеб жо лъалин абурав чи Аллагьасде (عز وجل) гьереси гIунтIизабурав чи вуго Аллагьас (عز وجل) абун буго: «Зобал ракьазда ругезда лъаларо балъгояб жо цохIо Аллагьасда гурони»*-абун.

ГIажаибаб жо буго нилъеда гьоркьор цо гIадамал рукIин (астрологал ва гьезда релъарал) жидеда цебехун арабги хадуб бачIунебги жо лъалаян абулел. Гьел ритIухъ гьарун, гьезухъе хьвадулел гIадамал

рукIинги цIакъго гIажаибаб жо буго. Гьел гIадамал руго гьаб хирияб Къуръаналда жидеца инкар ккурал, хирияв аварагасул хIадисалдаги гIамал гьабуларел. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадис буго: *«Жинда балъгояб жо лъалаян абулев чиясухъе арасул диналъул лъабго бутIа гьабун цо бутIа тIаса унаян»*-абун.

**66. Гьел мушриказул гIелму-лъай нахъ регIуларо ахираталъул амруялда. Гьел руго цIакъ шакдарулел гIадамал. Жегиги гьел мушриказул ракIал беццал руго гьеб ахират лъаялдаса ва гьелдаса хIинкъиялдаса.**

**67. Аллагьасда ва ахираталда инкар ккурал гIадамаз абуна: «нижги, нижер умумулги хун, ракьлъун лъугьун хадур тIадейищ рахъизарулел?» - абун.**

**68. Нижее гьеб жо къотIи гьабулеб буго гьав МухIаммадица ﷺ церехун рукIарал нижер умумузеги къотIи гьабураб гIадинго. Гьеб рагIи буго цереселго гIадамаз ургъараб гьересияб хабар абун.**

**69. Дуца гьезда абе МухIаммад ﷺ: «Нуж гьаб ракьалда тIад хьваде ва пикру гьабе нужеда церехун Аллагьасда инкар ккун рукIарал гIасиял ва пасикъал гIадамазул ахир кинабдай ккаиаян» - абун.**

**70. Гьел мушриказ иман лъечIо абун мун пашманлъуге МухIаммад ﷺ. Гьез дуе гьарулел макрабаздалъун дур керен-ракIги унтуге, дуе гьеб захIмалъуге.** Мун Аллагьас (**عز وجل**) цIунизе вуго гьезул макрабаздаса.

**7I. Гьел мушрикаца абулеб буго: «Кидаха букIине бугеб гьеб нижее къотIи гьабулеб гIазаб, нуж битIараб жо бицунеллъун ратани?» - абун.**

**72. Дуца абе МухIаммад ﷺ: гьеб нужее къотIи гьабураб ва нужее хехго бачIине бокьун бугеб гIазабалъул цо бутIа нужеда гIагарлъун букIине бегьулаян абун.**

**73. БичасхIаги, дур БетIергьан Аллагь вуго МухIаммад ﷺ, гIадамазда цIоб-рахIму бугев, гьезие лъикIаб жо гьабулев. Амма гьезул гIемерисел жидеца Аллагьасул нигIматазда данде шукру гьабуларел руго.**

**74. БичасхIаги, дур БетIергьан Аллагь гьел гIадамазул ракIазда бугебги жо жинда лъалев вуго, гьез загьиралда гьабулеб жоги жинда лъалев вуго.**

**75. Зобал ракьада жаниб цониги балъгояб ва рикIкIадаб жо гьечIо Аллагьас (عز وجل) лавхIул махIпузалда хъван, къадар гьабун букIун гурони.**

**76. Гьаб хирияб Къуръан буго жинца бануисраилазда бицунеб гьел жиндилъ хилиплъун ругеб диналъул хабар.**


**77. Жегиги гьаб Къуръан буго муъминзаби хIакъаб диналда тIоритIулеб ва гьезие Аллагьасул рахIматлъун.**

**78. Дур БетIергьан Аллагь гьел бунаисраилазда гьоркьоб жинца хIакъаб хIукму гьабулев вуго. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жиндир гуч ва къуват бергьарав, жиндир гIелму-лъай кинабго жоялда гIамлъарав.**

**79. Дуца таваккал тIаме МухIаммад ﷺ Аллагьасда, мун вуго жиб баянаб, хIакъаб диналда ва битIараб нухда.**

**80. Дуда кIоларо хварал гIадамазда жо рагIинабизе ва дуца гIинкъав чиясда ахIараб гьаракьги рагIинабуларо, гьел дудаса мугъбан руссараб мехалъ.** Ай хварал ва гIинкъал гIадамазда релъарал муширказе дур ахIиялъ асар гьабуларо .

**8I. Мун гьечIо МухIаммад ﷺ, беццав чи хIакъаб нухда тIовитIулевлъун, гьев къосаравлъун чIараб мехалъ. Дуда кIоларо хIакъаб жо рагIинабизе жидеца дир Къуръаналда иман лъурал ва жал дие мутIигIлъарал гIадамазда гурони.**



**82. Гьел гIадамазе къотIи гьабураб къиямасеб къо гIагарлъараб мехалъ дица гьезие цо хIайван бахъизабила жинца капурал гIадамазда калам гьабулеб; гьал гIадамал дир аятазда божуларел ругелъул.**

Гьеб хIайваналъул каламалдаса букIине буго Аллагъасул лагIнат лъеги гьесда иман лъоларел, гьесул аварагзабиги ритIухъ гьаруларел залимал гIадамаздаян аби.

Гьаб хIайван бахъулеб заман буго цIакъ гIадамал пасалъараб ахир замана. Гьез Аллагъасул дин тараб, хIакъаб дин хвезабун жидерго напсазе бокьарал динал ургъун, гьел динал гьарулеб.

Жинда Аллагъ разилъаяв ХIузайпатидаса имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: *«Аллагъасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Къиямасеб къо чIоларо гьелда цебе анцIго гIаламат нужеда бихьун гурони: I. Бакъ тIерхьудаса бакъ бакки буго гьеб гIаламат. 2. Ракьалда тIад кIкIуй тIибитIиги буго. 3. Ракьалда тIад цо хIайван бахъинги буго. 4. Яъжуж-маъжуж загьирлъиги буго. 5. ГIиса авараг вачIинги буго. 6. Дажал загьирлъиги буго. 7. Лъабго батIияб ракьулъе ортиги буго (ракь жаниб борти): цо машрикъалда. 8. Магърибалда. 9. ГIарабиязул жазираталдаги. I0. ГIаданалъул (бакIалда цIар) гъварилъудаса цо цIа загьирлъиги буго жинца гIадамал цере къотIун рачунеб, гьел чIаралъуб жиб чIолеб, гьез сордо баралъуб жинцаги сордо балеб*»-абун.

**83. Гьеб къиямасеб къоялъ дица щибаб умматалдаса дир мугIжизаталги аварагзабиги гьереси гьарулел рукIарал къокъаби тIаде рахъинарун цере къотIула, жал данде гьарун ва гIодорегIан гьарун.**

**84. ХIисаб-мизан гьабулеб бакIалда гьел щвараб мехалъ гьезда бадиб чIвай гьабун ва гьезул мугъ бекизабун Аллагъасул рахъалъан абула: «Нужеца щибго кIвар гьабичIого ва нужер щибго лъайги гьечIого дир аварагзабиги, гьезда рештIинарурал тIахьалги гьересийищ гьарулел рукIарал? Гьеб гуреб цоги гIамал букIанищ нужеца дунялалда гьабулеб? - абун.** Ай: нужеца гьабураб лъикIаб гIамалго гьечIо, дир аятал гьереси гьари гуреб.

**85. Гьеб къоялъ капураб къавмалда жидеца напсазе зулму гьабиялдалъун жидее къотIи гьабураб гIазаб щвела ва гьезул щибго каламги букIуларо.**

**86.** Жидеца Аллагъасул хIалкIолъиялъул пикру гьабун гьелъул вагIза босуларищ гьел инкар чагIаца? **Гьезда бихьуларищ дица сордо гьабун букIин жиндилъ хIалхьи гьабулеблъун. Гьединго дица къоги гьабуна жиндилъ канлъи бихьулеблъун** жидер хIажатазулъ гIадамал хьвадизе. **Гьаб сордо-къоялъул пикру гьабурав чиясеги гIаламат буго** Аллагъасул (عز وجل) хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб, **гьелда иман лъолел гIадамазе.**

**87. Исрапил (гIв) малаикас сур пулеб къоялъ, зобалазда ва ракьазда бугеб махлукъги цIакъ хIинкъараб мехалъ. Гьеб къоялъ хIинкъичIого хутIула Аллагъасе бокьарал, гьес тIаса рищарал малаикзаби, аварагзаби, шагьидзаби гIадал гIадамал. Гьаб ахираб сур пураб мехалъ кинабго махлукъ Аллагъасда цере рачIуна жал цIакъ мутIигIаллъун ва гIодогIаналлъун.**

**88. Дуда гьеб сур пураб къоялъ мугIрулги рихьизе руго жал жидер бакIалда чIун ругеб гIадин, гьел мугIрул цIакъ хехго, накIкIал гIадин унел ругониги.** Риххун, хIур лъугьун, ракьалда тIад тIиритIун уна мугIрул.

**Гьаб буго ТIадегIанав Аллагъасул (عز وجل) иш, жинца кинабго жо цIакъ камилго бижарав ва щибаб жоялъул мухIканаб тарбияги гьабурав, гьев Аллагъ жинда лъалев вуго кинабго нужеца гьабулеб гIамал.**

**89. Дунялалда иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун ахираталда вачIарав чиясе гьесул гIамалалдаса гIемерго лъикIаб жаза гьабизе буго ва гьел къиямасеб къоялъул хIинкъиялдаса божараллъунги рукIизе руго.**


**90. Жидеца купру-ширк гьабун квешаб гIамалги босун ахираталда вачIарав чи гьумер гIодобе гьабун жужахIалъув реххула ва гьезда бадиб чIвай гьабун абула: «Жакъа нужее гьабулеб жаза бугищ нужеца гьабураб квешаб гIамалалда рекъараб жаза гурони» - абун.**

**9I.** Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад: **ТIадегIанав Аллагъас дида амру гьабун буго дица лагъалъи гьабе абун гьаб Макка хIарамалъул ва КагIба рукъалъул БетIергьанасе. Гьев Аллагъ (عز وجل) вуго кинабго жоялъул БетIергьан;** гьеб бижарав, гьеб хьихьулев ва хвезарулев. **Гьединго дида амру гьабун буго дун Аллагъасе матIигIлъарал, гьесул амруялда ва хIукмуялда нахърилъараздаса вукIаян абун.**

**92. Гьединго дида амру гьабун буго дица Къуръан гIемер цIале абун,** дие гьелъул хIакъикъат загьирлъизе ва дица гьеб умматалдаги лъазабизе. **Гьеб Къуръаналдалъун жив тIовитIун ккарав чи жиндирго напсалъе лъикIлъиялъе тIовитIарав вуго. Гьеб Къуръаналъул вагIза-насихIат**

**босичIого жив къосаравлъун чIарав чиясда дуца абе МухIаммад ﷺ: дун вуго Аллагьас (عز وجل) нужее гIазабалдалъун хIинкъи кьезе ва алжаналдалъун рохел бицизе витIарв авараг» - абун.** Дида тIадаб рисалат дица тIобитIана, нужер къосиналъул балагь нужеего букIизе бугин абун.

**93. Дуца абе МухIаммад ﷺ: кинабго шукру ва рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго,** жинца дун авараглъи кьун хира гьавурав, дие тIадегIанаб макъам ва шапагIат гьабизе изну кьурав. **Нужеда Аллагьасул хIалкIоялъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва мугIжизатал рихьизаризе руго. Нужеда гьел гIаламатал лъазеги руго гьел лъаялдалъун нужее щибго мунпагIат гьабулареб, нужер тавбо къабул гьабулареб гIужалъ.** Гьеб буго ахирзаман гIагарлъараб заман, гьелъул гIаламатги буго бакъ тIерхьулеб рахъалдасан бакъ бакки. **Дур БетIергьан Аллагь гьел мушрикаца гьабулеб гIамал лъаларого, гьелдаса гьапуллъун гьечIо.** Гьесда кинабго жо бихьула ва лъала.




**28. Суратул Къасаси**

Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб ункъоялда микьго аят бугеб.

**I. TIa. Син. Мим.** Аллагь жинда лъалев вуго гьел хIурупаздалъун щиб мурад бугеблъи.

**2. Гьал руго жиб баянаб, жиндир хIукмуги загьираб Къуръаналъул аятал.**

**3. Дица дуе бицине буго ва дуе цIализе буго МухIаммад ﷺ, Муса аварагасул ва пиргIавнил къиса жиб хIакъаб, жинда жаниб гьереси ва батIулаб жо гьечIеб. Гьеб къиса бицунеб буго жидеца Къуръан ритIухъ гьабулел муъминзабазе вагIзалъун.**

**4. ХIакълъунго пиргIавн цIакъ чIухIун ва гIамал кIодолъун хьвадана Мисриялъул ракьалда. Гьес гIадамал къокъаби гьарун рикьана жиндие лагьлъи гьабиялъе. Бануисраилазул гIадамал гIодорегIанал, жидеца квешаб ва захIматаб хIалтIи гьабулел лагъзаллъун гьаруна. Гьезул киналго бихьинал лъимал жинца хъолел рукIана ва ясал нахъе толел рукIана,** жиндие ва жиндир къавм къибтIиязе хъулухъ гьабизе. **Гьев пиргIавн вукIана ракьалда тIад зулму ва пасалъи гьабулел гIадамазул бищунго залимав.**


**5.** TIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: **Дие бокьула жидее зулму гьабулел гIадамазда гурхIел-цIоб гьабизе ва жал загIипал, гIодорегIанал лагъзаллъун рукIун хадур, гьел цогидалги жидеда нахърилъулел имамзабилъун ва черехъабилъун гьаризе. Гьезие пиргIавнилги гьесул къавм къибтIиязулги ракь ва кинабго бечелъи ирсалъе кьезе.**

**6. Дица бануисраилал ракьалда тIад ханзабилъунги гьарун, гьелдалъун хIакъ гьабила гьел къибтIиял жиндаса хIинкъун рукIараб амру: пиргIавнида, Гьаманида ва гьезул боязда дица бихьизабила бануисраилаздалъун жидер ханлъи тIаса ин ва жал гьалаг гьари.**

**7.** Мусаги (гIв) гьавун, гьев киндай къибтIияздаса цIунилаян ургъалида йигеб мехалъ, Жабраил малаик витIун **дица Мусал эбелалда вахIю гьабуна дуца гьев вас хахизавеян абун. КъибтIиязда дур васасул амру лъаялда мун хIинкъараб мехалъ, дуца гьев вас цо гьамасалда жанивги лъун Нил гIорулъе рехе. Мун гьев вас гьалаглъилилан абун хIинкъуге ва гьев дудаса ватIалъанин абун пашманлъуге. Дица гьев вас духъе тIад вуссинавизе вуго ва дица гьев хириял авараг забадаса гьавизе вуго - абун.**

**8. Муса (гIв) жанив вугеб гъамас гIорулъан къватIибе босана пиргIавнил кумекчагIаца ва гьесул кIалгIаялъубе бачIана:** Гьеб ишги гьез гьабуна **гьев Муса жидее тушманлъун ва пашманлъилъун вукIине. ХIакълъунго пиргIавнги, гьесул вазир Гьаманги, гьезул киналго боялги жал Аллагьасда (عز وجل) гIасилъарал, жидеца ширк ва пасалъи гьабулел гIадамал рукIана.**

Гъамас рагьараб мехалъ гьелда жанив берцинав вас ватана. Гьев вихьарабго пиргIавнил чIужу Асиятил гьесда ракI ана ва гьев жиндие васлъун тезе бокьана.




**9. Цинги пиргIавнил чIужуялъ гьесда абуна: «гьаб лъимер буго диеги дуеги рекIел гъеялъе, бер боххиялъе бугеб. Гьав вас чIвачIого те! Гьев васас нилъее мунпагIат гьабизе бегьула яги нилъеца гьев васлъун тела» - абун. ПиргIавнида ва гьесул къавмалда лъалеб букIинчIо гьев вас вукIин гьел гьалаглъиялъе сабаблъун вугев.**

**I0. Мусал эбел цохIо гьесул гурони ургъел гьечIого, цогидаб кинабго жо кIочIон лъугьана;** гьев пиргIавнил рукъов ккараблъи лъараб мехалъ цIакъго чара хун лъугьана **ва гьев дир вас вугоян ахIизе гIагарлъана. Дица гьелъул рекIелъ сабру рехун букIинчIебани гьей цIакъ ракI къварилъун лъугьун йикIана. Гьей жиндие гьабураб къотIи ритIухъ гьабулей, гьелда божарайлъун йикIине бокьун,** дица гьелъие сабру кьуна.

**II. Мусал эбелалъ гьесул яцалда абуна: «мун а гьев Мусал хIал лъазабизе» - абун. Гьей пиргIавнил кIалгIаялда аскIой ун балъгого гьениб жаниб гьабулеб жоялда балагьизе жуяна. ПиргIавнил къавмалда гьей щий йигей ва щиб гьебулей йигей лъалеб букIинчIо.**

**I2. Дица гьев Мусае хIарам гьабуна цониги чIужуялъул керен хахизе жиндирго эбелалъул керен щвелелде цебе.** Гьев хахизавизеян рачун рачIарал руччабазул керен гьес кIалдиб босичIо. Цинги гьел кIалгIаялдаса къватIире рахъун Муса хахизавизе чIужугIадан цIехезе лъугьана. **Гьезда данде ячIана Мусал яц ва гьелъ абуна: «дица тIоритIилищ нуж гьев вас жидеца хахизе гьавулеб хъизаналде. Гьев берцинго хьихьулел ва хиянат гьабуларел?» - абун.**


Гьелда абуна аха гьей чIужугIадан ячине абун. Мусал эбел кIалгIаялъуе ячун ячIараб мехалъ, Муса пиргIавнида кодов ккун, вакъун гIодилев вукIана ва гьесул гIоди чIезабизе кIоларого, гьесда ракI гурхIун, сверун лъугьун агьлуги букIана. Муса эбелалъухъе кьураб мехалъ гьес гьелъул керен хахана ва гьесул гIодиги тIагIана.

ПиргIавница абуна: «мун щий кколей гьас керен хахизе ккани, цониги чIужугIаданалъул хахичIеб?»-абун. Гьелъ абуна: «Дир каранзул рахь махI берцинаб буго ва дирги махI берцинаб буго. Дица керен кьураб цониги лъимералъ дир керен хахичIого толаро»-абун. Цинги гьев Муса хахизе гьелъухъе кьуна ва гIемерал сайнгъаталги кьун, кIодо гьаюн, жиндирго рукъой йитIана. Гьаб амруялъул бицун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго.

**I3. Дица Муса жиндир эбелалъухъе вуссизавуна: Гьелъул бер боххизе ва гьей пашманлъичIого йикIине. Гьелда лъазе Аллагьас (عز وجل) гьабураб къотIи хIакъаб букIин. Ва амма гIадамазул гIемерисел жидеда лъаларел руго Аллагь (عز وجل) жиндир къотIуе ритIухъав вукIин.**

**I4. Муса авараг жиндир гIолохъанлъиялда вахараб мехалъ ва жиндир гIакълоги, къуватги камиллъараб мехалъ, дица гьесие гIелмуги кьуна ва хIукму гьабизе гьунарги кьуна.** Диналъулъ бичIчIи кьунин ва авараглъи кьунин абуна цо гIалимзабаз. Цогидаз абуна: гьеб заманаялъ Мусал (гIв) лъеберго сон букIана, гьесие авараглъи гьелдаса хадуб кьуна абун. Гьаб кIиябго рагIи цоцазда гIагар гьабизе кIолеб буго: Аллагьас (عز وجل) гьев авараглъун вукIиналъе тIаса вищун вукIиндал, гьесул гIелму ва гIакъло камилаб букIана аварагзабазул букIунеб хIалалъ. **Дица гьадинаб жаза гьабула лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел гIадамазе.**

**I5. Муса пиргIавнил къавм бугеб шагьаралда жанив лъугьана гIадамал гьапулаб гIужалъ.** Къалъул гIужалъ, гIадамал жидерго рукъзабахъе руссун бакъул бухIиялдаса цIунун хIохь бахъи ва рахIат гьабулел рукIунеб мехалъ. Яги маркIачIудаса хадуб.




**Гьесда кIиго чи ватана цо-цазде рагъдолел: гьезул цояв къибтIиязул вукIана, цогидалав бануисраилазул вукIана. Цинги бануисраилазулас Мусада ахIи бана жиндие кумек гьабе абун, гьев къибтIиясул зулмуялдаса хвасарлъизе. Мусаца (гIв) гьесда цо зар кьабуна ва гьев чи хун гIодове ккана.**

Мусал гьев чIвазе къасд букIинчIо. Аллагьасул ( عز وجل) къадар тIаде щварав гьесда Мусаца зар кьабиги, Израилас гьесул рухI босиги цадахъ ккана. Гьедин бугониги Муса цIакъ пашманлъана жиндаса ккараб жоялда.

**Мусаца абуна: «Гьаб иш буго шайтIаналъ дие гьабураб макру.** Гьелъ дир ццим багъаризабуна ва дун гьев чиясда зар кьабизе тIамуна. **Гьеб шайтIан Адамил наслуялъул тушман буго ва гьел битIараб нухдаса къосизарулебги буго, жиндир тушманлъи загьираб, жиндаса цIунизе цIакъ захIматабги буго»-абун.**

**I6. Хадубги Мусаца (гIв) абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дица дир напсалъе зулму гьабуна:** Гьев чиясда зар кьабун ва гьелдалъун дун мунагьалъулъ ккун. **Дуца дир мунагьал чуре» - абун. Аллагьас гьесул мунагьал чурана. ХIакълъунго, Аллагь ( عز وجل) вуго мунагьал чурулев ва жив гурхIулев.**

**I7. Мусаца абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дие кьураб кIудияб нигIматалдалъун дица къотIи гьабулеб буго, зулмучагIазе квербакъулевлъун дун кидаго вукIизе гьечIо» - абун.**

**I8. Цинги Муса гьеб шагьаралда хIинкъун ва цIодорго хьвадулев вукIана.** гьесдаса ккараб иш къибтIиязда лъани гьез жиндие къварилъи гьабулеблъи лъан, кисан щиб хабардай рагIилаян абун цо къо ана. **Гьедин Муса вукIадго цебесеб къоялъ гьесдаса кумек тIалаб гьабурав бануисраилазул чияс жакъаги гьесда ахIи бана жиндие кумек гьабеян абун.**

Гьев чи вугоан цоги къибтIиявгун вагъдолев ва гьесда Муса вихьараб мехалъ гьесда ахIиги балеб буго кумек гьабеян абун. **Мусаца гьесда абуна: «мун тIубанго къосарав, ахIмакъав чи вуго»-абун**. Мун сабаблъун сонги дидаса инсан хвана, жакъаги мун нечолев гьечIо дидаса кумек тIалаб гьабизе.

**I9. Цинги Мусаца (гIв), кIиясулго тушманлъун вугев дов къибтIиясда кьабизе къасд гьабураб мехалъ, гьес абуна: Я Муса! Дуе бокьунищ бугеб дун чIвазе, сонги дуца цоги чи чIвараб гIадин? Дуе бокьун гьечIо мун ракьалда тIад зулму гьабулев, гIамал кIудияв, залимав чилъун вукIине гурони. Дуе бокьун гьечIо мун маслахIат ва лъикIлъи гьабулев чилъун вукIине» - абун.** Цоги гIалимзабаца абуна гьаб рагIи абунин бануисраилазул чияс.


Гьаб рагIи абураб мехалъ дов къибтIиязул чи пиргIавнил къавмалда лъазабизе ана Мусаца гьезул чи чIван вугин абун. ПиргIавница амру гьабуна хехго гьев Муса кквезеги ккун жиндихъе вачеян абун. Мусада (гIв) хадуб ахIи бахъараблъи лъараб мехалъ гьеб шагьаралда вукIарав цо муъминчи къокъаб нух цIехон Муса хвасар гьавизе векерана ва гьесда тIаде щвана:

**20. Шагьаралъул рикIкIадаб рахъалдаса векерун вачIун, цо чияс абуна: «Я Муса! ПиргIавнил агьлу данде руссун, мун чIвазеян ургъулел руго. Мун хехго шагьаралдаса къватIиве а! Дун дуе лъикIлъи бокьарав ва дуе лъикIаб жо бицунев чи вуго» - абун.**

**2I. Гьеб мехалъ Муса (гIв) шагьаралдаса къватIиве ана, жив хIинкъун вугеб хIалалъ ва хадур гIадамал рачIуладаян жинца хъаравуллъиги гьабулаго. Мусаца абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца дун хвасар гьаве гьаб квешаб, зулмуяб къавмалъул гIазабалдаса» - абун.**

**22. Мадяналда унеб нухада лъугьун, гьенивехун унаго, Мусаца абуна дир БетIергьанасда божи буго, дун битIараб нухда тIовитIилин, дир мурадлъун бугеб бакIалда дун щолеб - абун.**

Гьев къватIиве вахъана цадахъ щибго квен-тIех гьечIого, тIад рекIунеб жоги гьечIого. Мадяналда щвезегIан микьго къоялъул нух букIана. Гьесие нухги лъалеб букIинчIо, цохIо Аллагьасда (عز وجل) божун, гьесул квербакъиялда хьуллъун унев вукIана гьев гьеб Мадяналъул рахъалда. Аллагьас (عز وجل) гьесда нух бихьизабизе малаик (гIв) витIана. Гьесул кваналеб квенги гъутIбузул тIамах ва хер букIана.




**23. Мадяналъул гIадамазул лъималъул гъуй бугеб бакIалда щвараб мехалъ Мусада (гIв) гIемерал гIадамал ратана жидерго боцIиги бачун гьеб гьекъезабизе рачIарал. Дагьайго доегIан чIун жидер гIиял цогидазул гIиязда гьоркьор журазе ва гъуялда аскIоре ине гьукъун кIиго чIужугIаданги ятана. Мусаца гьезда абуна нужецаги щай гьал гIиял гьекъезе риччаларел - абун. Гьей кIиялъго абуна: «Нижеца гIиял гьекьезаруларо гьал киналго гIадамал нахъруссун хадур гурони.** Нижер къуват гьечIо гьезда гьоркьор лъугьун гьезулгун дагIба-къец гьабизе, гьез ниж цереги риччаларо. Цоги гIиязул тIалаб гьабулев чиги гьечIо, **нижер эменги жив кIодолъарав, херав чи вуго» - абун.**

**24. Мусаца (гIв) гьезул гIиял гьекъезаруна. Цинги жив цо гъветIалъул рагIдукьеги ун гьенив гIодов чIана ва гьес абуна: «Я БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дун хIажатав вуго дур цIоб-рахIматалда» - абун.** Дир черх загIиплъун буго ва рухIги дагьлъун буго. Дир ракъи нахъчIвазе ва загIиплъи тIаса инзе дун дур ризкъиялда хIажалъун вуго абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв, жив халкъалъул лъикIав ва жинда Аллагь гаргадарав «Калимуллагь» Муса (гIв) анкьго къоялъ тIагIам кваначIого вукIун жиндир чохьониб бугеб гIурччин хер бихьулеб хIалалъ хIалакълъун вукIана, жиндир хIатIазул тIомги тIаса ун букIана. Гьев хIажалъун вукIана чамастакил цо бащалъи бугониги жинца кваналеб жоялда»-абун.

Гьей кIияйго чIужугIадан ШугIайб аварагасул ясал рукIана. ГIиялги гьекъезарун гьел хехго рачIиндал ШугIайбица (гIв) гьезда гьикъана жакъа щиб ккараб нужее, нуж хехго рачIана гурищ абун. Гьез бицана жидее кумек гьабурав чиясул хабар. ШугIайбица гьел ясазул цояйлай йитIана гьев чи вачун ячIаян абун.


**25. Цинги гьей кIиго ясалъул цояй ячIана Муса (гIв) вугеб бакIалда жий нечон, жинца гьумер бахчун хьвадулей йигеб хIалалъ ва гьелъ Мусаде абуна: «Дир инсуца мун рукъов ахIулев вуго, дуца нижее гIиял гьекъезе кумек гьабиялъул ажро гьабизе» - абун.**

**Муса ШугIайбихъе вачIараб мехалъ ва гьесда жиндир къисаги бицараб мехалъ, ШугIайбица (гIв) абуна: «Гьанже мун хIинкъуге! Мун хвасарлъана гьеб квешаб къавмалъул зулмуялдаса» - абун.** ШугIайб авараг вугеб Мадяналъул ракь пиргIавнил ханлъиялда гъокь букIинчIо ва гьенив вугебгIан мехалъ Мусае (гIв) хIинкъиги букIинчIо.

**26. Гьей кIияйго ясазул цоялъ инсуда абуна: «Я дир эмен! Дуца гьав чи жиндие мухьги кьун нилъеда аскIов хIалтIизе те. ХIакълъунго жив мухь кьун хIалтIизе толев чи къуватав ва аманат бугев вугони лъикI букIуна» - абун.** Гьав чи жиндир къуват бугев ва жинда божизе бегьулев, хиянат гьечIев чиги вуго.

**27. ШугIайбица Мусада абуна: Дие бокьун буго гьей кIияйго ясалъул цояй дуе чIужулъун кьезе дуца микьго соналъ гIиял хьихьи тIаде босани. АнцIго соналъ мун гIиял хьихьун чIани, гьеб дур рахъалъан бугеб лъикIлъи букIина. Дие бокьун гьечIо дуе захIмалъи гьабизе** анцIго соналъ гIиязул тIалаб гьабе абун. **Мун нижеда аскIов чIани, иншааллагь, дуда дун лъикIав чилъун ватизе вуго» - абун.**

**28. Мусаца (гIв) шугIайбил (гIв) ргIи къабул гьабуна ва гьес абуна: гьаб къотIи дудаги дидаги гьоркьоб тIобараблъун буго. Дица микьго соналъ яги анцIго соналъ дуе хъулухъ гьабунин абун дида гIайиб букIизе гьечIо.** Дица дие берцин бихьараб заман бала дуда аскIоб. **Гьаб нилъер къотIиялъе нугIлъун ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго» - абун.**




**29. Мусаца (гIв) къотIи гьабураб заманги тIубазабун, хъизанги бачун гьев Мисриялдехун вачIунеб мехалъ, гьесда рикIкIадасанго цо цIа бихьана. Гьеб букIана ТIурсайнаъ мегIер бугеб рахъ. Мусаца хъизаналда абуна: «Нуж гьаб бакIалда чIа. Дида цо цIа бихьулеб буго. Дун гьенив ун цо хабар босун вачIина, яги цIадул сунтурги босун вачIина, нужее цIа бакун нуж хинлъинаризе» - абун.** Тапсиралъул гIалимзабаз абуна: цIакъ бецIаб, цIад балеб, гьури пулеб квачараб сордо букIана. Гьезда цебе къотIун букIараб боцIиги билана, нухги къосана. Мусал (гIв) чIужуги лъимер гьабизе мех щун унтун йикIана. Гьаб захIматаб хIалалда ругеб мехалъ бихьана Мусада (гIв) ТIурсайнаалъул рахъалда цIа бакараб гIадаб гвангъи.

**30. Муса гьеб бакIалда гIагарлъараб мехалъ** гьеб жо цIа батичIо, кIудияб гъветIалдасан зодобе бахун унеб нур батана. **Гьеб гъветI бугеб бакIалдасан, жиндилъ баракат бугеб ракьалъул кIкIалалъул кваранаб рахъалдасан, Мусада (гIв) цо гьаракь ргIана: «Я Муса! Дун вуго кинабниги гIаламалъул БетIергьан Аллагь (عز وجل).**

**3I. Хадубги Мусада абуна: Дуца гIанса гIодобе рехеягн абун.** Мусаца гIанса гIодобе рехидалго **жинда гьеб цIакъ кIудияб, лебалаб борохь лъугьун багъарулеб бихьана. Гьелдаса хIинкъун, гьелда аскIов къачIого, Муса мугъбан лъутизе лъугьана. Хадубги Мусадехун абуна: «Я Муса! (гIв) Мун нахъвусса ва хIинкъуге! Мун Аллагьас (عز وجل) божилъи гьабурав вуго.**

**32. Дуца дур квер лъоробе бегье. Гьеб квер къватIибе бахъизе буго жиб гвангъараблъун, дуе щибго унти-заралги гьечIого. Гьеб гIансаги кверги буго дуе кIиго мугIжизат, мун пиргIавнихъе ва гьесул къавмалъухъе инзе. Гьел цIакъ пасикъаб къавм буго» - абун.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) мун витIулев вуго жиндир рахъалъан расуллъун гьеб къосараб къавм Аллагь цо гьавияда ахIизе ва мун ритIухъав Расул вукIиналъе далиллун ва дуе мугIжизатлъун гьеб гIансаги кверги гьабулеб буго.

**33. Мусаца (гIв) абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь(عز وجل)! Дица гьев пиргIавнил къавмалъул чи чIван вукIана ва дун хIинкъулев вуго гьез дунги чIвалин абун.**

**34. Дир вац Гьарун вуго дидасанги мацI бицине пасихIав. Дуца гьев Гьарунги витIе дунгун цадахъ дие кумек гьабизе ва жинца дун ритIухъги гьавизе. Дун хIинкъун вуго пиргIавнил къавмалъ дун гьереси гьавилин абун.** ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) Мусаца гьарана жиндие вазирлъун ва кумекчилъун жиндир вац Гьарун гьаве абун: гьев кIудиявги вукIун, мацI пасихIавги вукIун, дагIба-къец гьабизе ккараб бакIалда гьесул махшел цIикIкIараб букIинин абун.


**35.** ТIадегIанав Аллагьас Мусал (гIв) гьари къабул гьабун **абуна: Дица дуе квербакъи гьабила дур вац Гьарунидалъун, ва дица нужее гьев пиргIанида тIад бергьунеб къуватги гьабила. Гьезул хIал кIвезе гьечIо нуж кIиясего зарал гьабизе. Дир нужее бугеб квербакъиялдалъун ва баянал хIужжабаздалъун, нуж кIиявгоги, нужеда нахърилълъарал киналго гIадамалги пиргIавнил къавмалдаса бергьизе руго» - абун.**

==========

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Лъабго чи вуго Аллагьас жиндие кIиго нухалъ цIикIкIун ажро кьолев. Китабиязул чи вуго, жиндир аварагасда иман лъун вукIарав, хадуб дидаги иман лъурав. Жив лагълъун вугев чиги вуго, жинца дир хIакъ тIубарав ва жиндир сайидасул*

*хIакъги тIубарав. Жиндир гъарабаш йигев чиги вуго: гьелъие берцинаб тарбия кьурав ва гьей тархъун хIурияйлъун гьаюн хадуб расасеги къурав»-абун.*

Цоги хIадисалда буго: *«Китабияб агьлуялдаса исламияб дин босарав чиясе кIиго ажро буго. Гьесие нилъее бугеб хIукму буго* (ай гьев нилъеда ващад вуго) *гьесда тIадги нилъеда тIад бугеб жо буго. Мушриказул цо чияс исламияб дин босараб мехалъ гьесие жиндир ажро буго ва гьесие нилъее бугеб хIукму буго, гьесда тIадги нилъеда тIад бугеб жо буго»*-абун.




**36. Дол баянал гIаламаталгун ва мугIжизаталгун пиргIавнихъе ва гьесул къавмалъухъе Муса вачIараб мехалъ, гьез абуна: «Гьаб жо гьечIо жиб ургъараб гьереси ва сихIро гурони. Нижеда гьадинаб жо бицунеб рагIичIо нижер умумуз ва нижедаса цере рукIараз» - абун.**

**37. Мусаца (гIв) абуна: «Дир БетIергьан жинда лъалев вуго хIакъаб диналдалъун щив витIараблъи ва лъие букIине бугеб лъикIаб ахиратги. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) иман лъечIел, гьесул аварагзабиги (гIв) гьереси гьарурал залимал гIадамазул лъикIлъиялда квершел батуларо» - абун.**

**38. ПиргIавница абуна: «Я гьаб жамагIат! Дида лъаларо нужее дун гурев цоги аллагь вукIин. Дуца хIашуда цIа бакун бежараб хIашалъул кIудияб ва борхатаб си гьабе я Гьаман! Гьелда тIадеги вахун дун валагьизе вуго кивдай вугев гьав Мусал Аллагь абун. Дида гьев Муса жидеца гьерсал рицунел гIадамаздаса вугин кколеб буго» - абун.**

Аллагьасул тушман пиргIавница гьадигIанго чIухIараб рагIи бицана, жинда Аллагь (عز وجل) вукIинги лъалеб букIадго. Цоги бакIалда гьав пиргIавница абуна: «Дун вуго нужер бищунго тIадегIанав бетIергьан»-абун.

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**39. Гьев пиргIанги гьесул боялги ракьалда тIад цIакъ чIухIун ва гIамал кIодолъун, батIулаб нухда хьвадана, гьедин хьвадизе щибго гIиллаги гьечIого. Гьезда ракIалдаги кколеб букIана жал хун хадур диде руссине гьечIин** ва жидее гIазабги гьабизе гьечIин абун.

**40. Дица гьев пиргIавнги гьесул боялги дир гIазабалдалъун ккуна ва гьел ралъдалъ гьанкъизаруна. Мун валагьеха, я гьав инсан, ва дуца пикру гьабе, киндай ккана гьеб залимаб ва зулмаяб къавмалъул ахир абун.** Гьеб ралъад буго Мисриялдаги ХIижаз гIарабияздаги гьоркьоб бугеб багIараб ралъад. Гьелда цогиги цIар абула «бахIрул къулзум»-абун.

**4I. Дица гьел гьаруна жидеца жужахIалда гIадамал ахIулел имамзабилъун. Къиямасеб къоялъ гьел капурал гIадамазе кинабгIаги квербакъи букIуларо.**


**42. Дица гьезие гьаб дунялалдаго нагIана кьуна.** Дир рахIматалдаса рикIкIад гьаруна. **Къиямасеб къоялъги гьел рукIизе руго жал къабихI гьаруразсаса.**

**43. Жинда церехун рукIарал умматал гьалаг гьарун хадуб кьуна Дица Мусахъе (гIв) Таврат, гьесул уммат хIакъаб нухда тIоритIулеб, жинца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулеб нурлъун жиб бугеб. Гьезие рахIматлъун ва битIараб нухлъунги жиб бугеб. Гьел бануисраилаз Тавраталдаса вагIза босизе бокьун** ва Аллагь (عز وجل) цо гьавун, гьесул расул ритIухъ гьавун гьел хьвадизе бокьун.

==========

ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жинца рижизарулев Халикъ, жинца ризкъи кьолев Разикъ, жинца хвезарулев Ал-Мумит. Ва жинца ахираталда чIаго гьарун тIаде рахъизарулев Ал-БагIис. Гьал сипатал цохIо Аллагьасе гурони гьечIо. Гьал сипатал лъазе ва ричIчIизе тIадаб буго. Гьал сипатал ричIчIун,

гьезда гIамал гьабурав муъминчиясул ракI хIалхьола, гьесул иман камиллъула ва гьев кидаго Аллагь ракIалда вукIуневлъун лъугьула. Гьав ТIадегIанав Аллагьги нахъегIан къазавун, цоги щиб бугониги жоялда хьул лъурав, гьелдаса хIинкъарав, гьелда божарав, гьелда ахIи барав чи жинца Аллагьасде ширк гьабулев чи вукIула.




**44. Мун вукIинчIо МухIаммад ﷺ, ТIур мегIералъул бакътIерхьул рахъалда:** Гьеб буго Муса аварагасда Аллагьас (عز وجل) калам гьабураб бакI, **Дица Мусаде дир амру вахIю гьабураб мехалъ ва гьев расуллъун гьавун пиргIанил къавмалда витIулеб мехалъ. Мун гьеб бакIалда гIенеккун ва нугIлъун вукIинчIо.**

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) МухIаммад ﷺ хIакъав авараг вукIиналда инкар гьабулел гIадамал мукIур гьаризе абулеб рагIи буго гьаб аят. Ягьудиязда гьереси гьабизе кIолареб Муса (гIв) аварагасда Таврат рештIизабиялъул хабар ва гьесул пиргIавнилгун ккараб къиса бицунеб буго, жив гьел ягьудияздаса рикIкIадаб бакIалда гIурав, жинда хъвазе ва цIализе лъаларев гIарабиязул чияс. Аяталъул магIнаги буго: мун гьеб заманаялъ гьеб бакIалда вукIун лъалеб гьечIо дуда Муса аварагасул хабар. Гьеб дуда лъалеб буго ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) вахIю гьабун лъазабиялдалъун.

**45. Дица гьев Муса аварагасда хадубги гIемерал умматал рижана; гьезги гIемераб гIумру бана ва жидеда Аллагь (عز وجل) кIочон дунял гьабиялда руссана.** Гьединал Аллагьасул диналдаса руссарал гIадамазда витIана дица мун расуллъун я МухIаммад ﷺ. **Мун Мадяналдаги вукIинчIо МухIаммад,** дуда Муса ва ШугIайб аварагаул къиса лъазе **ва гьезул хабар бицарал дир аятал Маккаялъул агьлуялъе дуца цIализе.**

**Киниги дун вуго дица аварагзаби ритIулев** ва гьезда вахIю гьабун дир шаригIат бицулев. Гьедин мунги витIана МухIаммад ﷺ, Маккаялъул агьлуялда авараглъун ва дуда вахIю гьабуна дур умматалъе исламияб дин ва дуда цере рукIарал аварагзабазул къисаби. Гьедин лъана дуда Муса аварагасул ва ШугIайб аварагасул къисаги.

**46. Мун ТIур мегIералъул хьибилалдаги вукIинчIо МухIаммад ﷺ, Дица Муса аварагасда калам гьабулеб мехалъ.** Дица дуда гьаб кинабго жо вахIю гьабуна дур умматалъе рахIматлъун букIизе**. Дуца гьезие цересел умматазул къисаби рицун Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе ва жидехъе дудаса цеве авараг вачIун вукIинчIел гIарабиязда Аллагьасул дин лъазабизе.** Гьел гIарабияз ва цогидал къавмаз дур рисалат къабул гьабун Аллагь (عز وجل) цо гьавиялда хьул лъун ва **дуда рештIизабураб Къураналъул вагIза босизе бокьун.**


**47. Дица гьел умматазда аварагзаби ритIана, жидер купру-ширк сабаблъун гьезда дир гIазаб щвараб мехалъ, гьез абичIого букIизе: «нижеда аварагзаби ритIун рукIаралани ва нижеда хIакъаб динги лъазабун букIарабани. Ниж дур расулазда нахърилъизе рукIана ва дур аятазда иман лъуралги рукIинаан» - абун.** Дида лъала гьез иман лъоларебли ва гьез хIакъаб дин къабул гьабуларебли. Дица аварагзаби ритIана гIадамазул хIужжа къотIизабизе ва гьезие щибго гIузру бачизе рес гьечIого букIизе.

**48. Маккаялъул агьлоялда хIакъаб жо бачIараб мехалъ:** жиндир ритIухълъи лъалев МухIаммад ﷺ вачIараб мехалъ Аллагьасул калам Къурьанги босун, **Маккаялъул мушриказ абуна: «Гьев МухIаммадие ﷺ Муса аварагасе кьурал гIадал кIудиял мугIжизатал кьун рукIаралани жив авараг вукIиналда тIоритIел гьабулел» - абун.** Гьезие жаваб гьабун ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: **«Гьев Муса аварагасе кьурал мугIжизатаздаги, гьесда рештIизабураб Тавраталдаги инкар ккуна гурищ ягьудиязги, Къурайшиязги ва цогидал къавмазги. Жегиги Маккаялъул мушрикаца абуна: «Гьеб Тавратги Къуръанги кIиябго сихIро ва гьереси буго, цоялъ цоялъе**

**кумек гьабун, цоялъ цояб ритIухъ гьабун кIалъалеб. Нижеца гьеб кIиялдаго инкар кколеб буго» - абун.**

**49. Дуца гьезда абе МуIаммад ﷺ: «Нуж рачIаха Аллагьасул рахъалъан гьеб Тавраталдаса ва Къурьаналдаса жиб лъикIаб, жинца хIакъаб диналда тIоритIулеб тIехьги босун. Дун гьеб тIехьалда нахъвилъльине вуго, нуж битIараб жо бицунел гIадамал ратани» - абун.**

**50. Гьез дур ахIиялъе жаваб гьабичIони, МухIаммад ﷺ, дуда лъай гьел рукIин жидерго гьавана-псалда нахърилъльарал гIадамал. Щивха вукIинев жиндир къосин баянав чи Аллагьасул рахъалъан хIакъаб хIужа-далилго гьечIого, напсалъе бокьараб жоялда мутIигIлъун вугев чиясдаса? ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) хIакъаб диналда тIоритIуларо жидеца купру-ширк тIаса бищараб залимаб къавм.**




**5I. Дица Маккаялъул Къурайшиязе дир хирияб калам цоялда хадуб цогидаб гьабун, хIажалъи бихьухъе рештIизабуна: Гьез вагIза босизе бокьун ва гьез купру-ширк тун хIакъаб дин гьабизе бокьун.** Гьаб Къуръаналда жаниб гьезие Аллагь цо вукIиналда тIоритIел гьабулел баянал хIужжаби руго, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIемерал гIаламаталги руго. Алжаналдалъун рохел бицинги жужахIалдалъун хIинкъи кьейги буго. ГIемераб вагIза-насихIатги, шаргIиял ахIкамалги, хIалалаб, хIарамаб жоги баян гьабун буго.

**52. Къуръан рештIизабилелде цебе жидехъе тIехь рештIизабурал умматазул** МухIаммад аварагасда иман лъурал гIадамаз **гьаб Къуръаналдаги иман лъолеб буго.**

**53. Жидее Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ гьез абулеб буго: «Нижеца гьелда иман лъуна. Гьеб нижер БетIергьанасул рахъалъан бугеб хIакъаб тIехь буго. Ниж гьаб Къуръан рештIизабилелде цереги Аллагьасда (عز وجل) иман лъурал, гьесул аварагзабада ва тIахьазда мутIигIлъарал рукIана» - абун.**

Нижеца иман лъолеб букIана гьав МухIаммад ﷺ авараг витIизе вукIиналда ва гьесда тIехь рештIизабизе букIиналдаги. Гьеб жо нижеда рештIизабураб тIехьалда хъван букIана. Нижее гьеб Аллагьасул (عز وجل) амру ритIухълъана ва хIакълъана.

**54. Гьал гIадамал руго Аллагьас (عز وجل) кIиго нухалъ цIикIизабун жидее ажру-кири кьолел.** Гьез сабру гьабун букIин сабаблъун жидеда рештIизабураб тIехьалда иман лъун гьелда гIамал гьабиялда, хадуб МухIаммад ﷺ аварагасда иман лъун Къуръаналда гIамал гьабиялдаги**. Жидеца квешаб, къабихIаб рагIиялда дандеги лъикIаб рагIи бицун, гьеб квешаб рагIиялъул зарал нахъе чIвалел. Дица кьурал нигIматаздаса садакъа-хайрат, закат-сахI кьолел ва Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабизе жидер боцIи-малги кьолел.**

**55. Жидеда гIададисеб ва мунпагIат гьечIеб хабар бицулеб рагIараб мехалъ, гьеб мажлисалдаса нахъе унел ва жидеца гьел гъапулал, жагьилал гIадамаздаги абулел: нужеца гьабураб гIамалалъул жаза нужее букIизе буго, нижеца гьабураб гIамалалъул жаза нижее букIизе буго. Нужее нижедаса зарал гьечIо,** нижеца нуж тана нужерго ишалда**. Нижеца жагьилал гIадамазулгун гьалмагъльи гьабуларо» - абун.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) китабияздаса иман лъурал гIадамазе лъабго лъикIаб ва берцинаб сипат гьабуна: гьел муъминзаби рукIин, гьел жидеца лъикIлъи гьабулел рукIин, гьел гIадамаздаса тIаса лъугьунел рукIин.


**56. Дуда кIоларо МухIаммад ﷺ дуе вокьарав чи иманалда тIовитIизе. Аллагьас (عز وجل) жиндие вокьарав чи тIовитIула иманалда ва хIакъаб диналда. Гьев Аллагь жинда лъалев вуго иман лъолел ва хIакъаб диналда рачIулел щал ругеблъи.** Гьаб аят рештIизабиялъе сабаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, жиндир инсул вац АбутIалиб хвалда гIагарлъараб мехалъ,

*гьесда абуна: «Я дир инсул вац! Дуца «лаилагьа иллаллагь» абун абе. Дица къиямасеб къоялъ нугIлъи гьабизе буго дуца Аллагь цо гьавуна абун. АбутIалибица абуна: «Къурайшиязул ханзабаз абизе букIинчIебани хвалил унтиялъул гучалъ АбутIалиб загIип гьавунин ва гьев шагьадат битIизе тIаманин абун, дица гьеб шагьадатги битIун дур ракI рази гьабизе букIана ва дур бер бохизабизе букIана»*-абун.

**57. Маккаялъул Къурайшаз абуна: «Ниж дуда нахърилълъани ва дуца жинда ахIулеб дин босани, ниж хIинкъун руго Маккаялда сверухъ ругел гIарабияз нижеда рагъ гьабилин ва ниж гьаб Маккаялдаса къватIире къотIилин» - абун.** Гьезул рагIи хвезе гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Дица гьезие МаккахIарам гьабун буго гурищ жал щибго хIинкъиго гьечIого гьенир рукIунеблъун ва жидее кинабго бакIалдаса батIи-батIияб пихъги ва тIагIамги дир рахъалъан бугеб ризкъилъун бачIунеблъун. Киниги гьел гIадамазул гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго.**

**58. Дица цIакъ гIемерал росабазул ва шагьаразул агьлу гьалаг гьабуна гьел жидее кьураб магIишат-яшавалдалъун чIухIараб мехалъ** ва гьеб магIишат дица кьураб букIиналда инкар ккун, гьелда щукру гьабичIого хьвадараб мехалъ. **Гьал нужеда сапаралда унаго ратулел чIунтарал росаби руго гьел жанир чIун рукIарал росаби. Гьанже гьенив щивго чи чIоларо, сапаралда вугев чи сордо базе чIун гурони. Дун вуго дица кинабго жо ирсалъе босулевлъун.**

**59. Дур БетIергьан Аллагь гьечIо МухIаммад ﷺ, жинца цониги росдал агьлу гьалаг гьабулевлъун, цин гьезухъе расулги витIун гьел хIакъаб диналда ахIун гурони. Гьезие дир аятал цIалулев ва дун жидер хIакъав БетIергьан вукIин бицулев. Дица цониги росдал агьлу гьалаг гьабичIо гьеб росдал агьлуялъ зулму-пасалъи гьабун гурони.**




**60. Нужее кьураб дунялалъул щиб жо бугониги:** ханлъи букIа, бечелъи букIа, къуват-гьунар букIа, къимат-къадро букIа, **гьеб кинабго жо буго дунялалъул рукъоб бугеб берцинлъи ва гьениб бугеб мунпагIат босиги.** Гьеб паналъулеб, даимлъулареб буго. Жибги кодоса ун рекIел бакъвай щолебги буго.

**ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) аскIоб ахираталда бугеб ажро ва гьесул алжан цIакъ лъикIаб жо буго ва жиб даимго нахъе хутIулебги буго. Гьаб иш кин бичIуларе гIадамазда** ва жиб паналъулеб дунял тIалаб гьабиги тун, даимго букIунеб ахират кин тIалаб гьабулареб?

**6I. Дица жиндие цIакъ берцинаб къотIи гьабурав ва гьеб къотIи тIубазабун гьелда данд чIвазе вугев,** дидаса хIинкъун, дун цо гьавун, жинца тIагIат-гIибадат гьабун хьвадарав муъминчийщ вугев лъикIав, **яги жиндие дунялалъул чIаголъи кьурав, гьелдалъун вохун вукIарав, ахираталда дида цеве жиндие гIазаб гьабулевлъун чIезавулев капурчийищ вугев лъикIав? Гьав кIиго чи цо-цазда релъун вугищ?**

ЦIакъ кIудияб батIалъи буго гьазда гьоркьоб! Жидер гIакъло бугел гIадамаз гьалъул пикру кин гьабулареб ва гьалдаса гIибрат (гIакъло) щай босулареб?

**62. Мушриказде ахIулеб къо буго гьеб къиямасеб къо ва Аллагьасул рахъалъан гьезда абулеб: Кире арал дол дидехун ширк гьабун нужеца жидее лагълъи гьабурал алагьзаби? Нужеца абулеб букIана гурищ гьез нужее кумек гьабизе бугин абун.**

**63. ГIадамал къосизариялдалъун жидее гIазаб хIакълъарал, купру-ширкалъул церехъабилъун ругез абула: «Я нижер БетIергьан! гьал гIадамал руго** гьел нижеда нахърилълъун, **нижеца къосизарурал.** Нижеца гьезие щибго зулму-хIал гьабичIо. **Ниж къосарал рукIиналъ, нижеда релълъун гьелги къосараллъун лъугьана. Гьез нижее лагълъи гьабунин абураб**

**рагIиялдаса ниж рацIцIадал руго.** Гьез лагълъи гьабуна жидерго гъава-напсалъе бокьараб жоялъе, **гьел нижее лагълъи гьабулел рукIинчIо» - абун.**

**64. Цинги жидеца лагълъи гьабурал мушриказда абула: «Нужеца ахIи бай нужеца алагьзабилъун ккун рукIарал жалазда» - абун. Гьез ахIи бала жидер алагьзабада, амма доз щибго жаваб гьабуларо. Гьезда жидее хIадурун бугеб жужахIалъул гIазаб бихьула ва гьел цIакъ пашманлъун лъугьула. гьезда ракIалдаги ккола дунялалъул рукъор битIараб диналда тIоритIараздаса рукIарал анищ ниж абун.**

**65. Гьеб къоялъ мушриказда бадиб чIвай гьабун абула: нужехъе аварагзаби рачIун рукIана гуриш, нужеца щиб жаваб кьураб гьезул ахIиялъе? - абун.**


**66. Гьеб къоялъ мушриказда кинабго жо кIочон букIуна, щиб жаваб кьелебги гьезда лъаларо. Гьезул цоцаздехун кIалъезецин гьунарги букIунаро,** жидеда бугеб хIинкъиялъул ва къварилъиялъул гучалъ.

**67. Ва амма жидеца купру-ширкалдаса тавбоги гьабун, Аллагьасда (عز وجل) иманги лъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал гIадамал, гьал гIадамал жидер лъикIлъиялда квершел батараздаса рукIиялда хьул буго.**

**68. Дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьараб жо бижула ва жиндие бокьараб жо тIасаги бищула. Аллагьас бижараб махлукъаталъул цонигиязе ихтияр гьечIо жидеца цо жо тIаса бищизе ва гьеб гьабизе:** ай цо пуланаб жо лъикIаб буго яги квешаб буго абун хIукму гьаби ТIадегIанав Аллагьасул ихтияралда бугеб жо буго. **Аллагь вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго мушрикаца гьесда гIунтIизарулел, гьесие мукъсанлъи бачIулел сипатаздаса.**

**69. Дур БетIергьан Аллагь жинда лъалев вуго МухIаммад ﷺ, гIадамазул ракIазда жаниб бахчарабги, гьез загьиралда гьабулебги кинабго гIамал.**

**70. Гьев Аллагь вуго жив гурев цоги алагь гьечIев. Гьесие буго кинабго шукру ва рецц дунялалъул рукъобги хадуб ахираталдаги. Кинабго жоялъул хIукму-къадарги Аллагьасда кодоб буго ва ахир киназулго руссинги гьев Аллагьасде (عز وجل) буго.**




**7I.** Аллагьасда иман лъоларел, дур рисалат ритIухъ гьабуларел капурзабада **дуца абе МухIаммад ﷺ: Нужеца пикру гьабе ва нуж ургъун жаваб кье.**

**ТIадегIанав Аллагьас кидаго сордо букIунеблъун гьабуни ва къиямасеб къо щвезегIан жинца гьеб амруги хисизабичIони, Аллагь гурев цоги щив алагьха вугев жинда кIолев нужее канлъи бихьизабизе ва нур базабизе? Гьаб рагIи рагIуларищ гьел инкарчагIазда ва гьелъул гьез пикру гьабуларищ?**

**72. Хадубги дуца абе МухIаммад ﷺ: Нужеца пикру гьабе ва нуж ургъун рихье: ТIадегIанав Аллагьас къиямасеб къо щвезегIан къо букIулеблъун гьабуни. Гьев Аллагь гурев цоги щив алагьха вугев нужее сордо бачун вачIине кIолев, нужеца хIалхьи гьабизе? Нужеда бихьулеб ва лъалеб гьечIищ нуж кинаб къосиналъулъ ругеблъи.**

**73. Гьев Аллагьасул кIудияб рахIмат ва гурхIел буго жинца нужее сордоги къоги гьабиялда жаниб: сардилъ нуж хIалхьи гьебизе чIолеб, къоялъулъ нужеего яшав гьабизе къватIире рахъунеб. Гьеб Аллагьасул рахIматалда нужеца шукру гьабизе тIадаб буго.**

**74. Гьеб къиямасеб къоялъ ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) халкъалда цере** жидеца ширк гьабулел рукIарал гIадамал гIодорегIан гьарун**, гьезда ахIула: «Кире арал дол нужер алагьзаби, дидехун ширк гьабун нужеца гьезие лагълъи гьабулел рукIарал?** Дица нужее гIазаб гьабизехъин буго, гьел алагьзаби рачIа абе нужее квербакъи гьабизе!»-абун.

**75. Дица щибаб умматалдаса жинца нугIлъи гьабулев чи цеве вахъизавула.** Гьев вуго Аллагьасул авараг. Авараг щцеве чIезавун, **ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) капурзабадехун абула: «Гьанже бачеха нужерго хIужа-далил нуж купру-ширкалда чIеялъе»-абун.** Гьезул щибго хIужа букIуларо ва гьаб рагIиги гьел гIодорегIан гьарун гьезул кIанцIизе бакI тIагIизабун абулеб рагIи буго.

**Цинги гьеб капураб къавмалда лъала цохIо Аллагь гурев цоги аллагь гьечIеблъи ва кинабго хIукму-къадар гьесда кодоб букIин. Гьездаса рикIкIалъун, цересан тIагIун чIола дунялалда гьез жидее лагъалъи гьабулел рукIарал хъанчалги, цогидал жалги.** Гьел киналго цадахъ, бетIер бехе гьабун, цоязда хадур цоял реххун, жужахIалда жанире уна ва гьеб жужахI жидер чурхдуздалъун боркьулеб алатлъун гьел гьарула.


Гьаб агьлу бокьарав чи гьелгун цадахъ вукIулин абун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул мухIканаб хIадис буго. Аллагьас (عز وجل) нилъ рикIкIад гьареги гьеб купруялъул агьлу бокьиялдаса, гьезул кумекчагIилъун рукIиналдаса ва гьезул шайтIанияб къанун бокьиялдаса.

ТIадегIанав Аллагь вуго жив цогояв Аллагь (عز وجل), жиндие лагъалъи гьабизе тIадав, гьесул гIазабалдаса хIинкъизе ва гьесул рахIматалда хьул лъезе тIадав. Гьев Аллагь тун батIияб жоялъе лагъалъи гьабизе бегьуларо, гьесдаса гурони хIинкъизеги бегьуларо гьесда гурони хьул лъезеги бегьуларо.

**76. Къарун абулев** бечедав, бахилав, залимав **чи Мусал къавмалдаса вукIана.** Мусал вацгIал вукIана абуна ИбнугIаббасица (ра). **Гьев Къаруница жиндир агьлуялъе зулму ва къварилъи гьабуна.** Аллагьас (عز وجل) жиндие кьурал гIемерал нигIматазде шукру гьабичIого, гьезда инкар ккураздаса вукIана. **Дица гьев Къаруние гIемераб хазина кьуна: гьеб жаниб лъурал хазанатазул (складал) кIулал къуватал гIадамазул жамагIаталда раччизе кIолоребгIан гIемераб.**

Гьеб гIемераб бечелъи ва хазина жиндие букIиналдалъун Къарун чIухIун ва гIамал кIодолъун вугеб мехалъ, **гьесул къавмалъ абуна: «Мун гIемерго воххун вукIунге Къарун! ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) гьединал чIухIараб рохел загьир гьабулел гIадамал рокьуларо»-абун.** Аллагьасе рокьула жидее нигIматал кьураб мехалъ гьел кьурав Аллагь (عز وجل) вукIин лъан, гьесие шукру ва рецц гьабун роххулел гIадамал.

**77. Дуе Аллагьас кьурал нигIматаздалъун дуца Аллагь разилъи ва ахираталъул рукъоб дуе алжан щолеб гIамал гьабе. Дуе дунялалъул рукъобго лъикIлъи гьабизеги кIочонге.** Гьеб боцIи данде гьабулев вукIун ахираталда батулеб лъикIаб гIамал гьабизе кIочонге. **Аллагьас дуе лъикIлъи гьабун бугеб гIадинго дуца гIадамазеги лъикIлъи гьабе. Мун ракьалда тIад пасалъи гьабулевлъун, гьеб гьабизе бокьулевлъунги вукIунге. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасе рокьуларо жидеца пасалъи ва зулму гьабулел гIадамал»-абун.**




**78. Къаруница абуна: «Гьаб кинабго жо дие кьуна дир гIелмуялдалъун ва дир гьунаралдалъун» - абун. Гьав Къарунида лъаларищ ТIадегIанав Аллагьас гьасдаса цере рукIарал гьасдаса гIемерго къуватал ва гучал гIадамал гьалаг гьарураблъи. Гьесдаса боцIи-малги гIемерал ва кьибил-тухумги гучал. Гьел къосарал гIадамал гьалаг гьаризе Аллагьасул хIукму-къадар тIаде щвараб мехалъ гьезда гьикъуларо жидер мунагьазул хIакъалъулъ.**

**79. Цо къоялъ гьев Къарун къавмалда цеве вахъана жиндир берцинлъиялъулъ:** ЧIухIараб ретIелгун, гIемерал хъулухъчагIи-гъарабашалгун. ЧIухIарал чуязда рекIун, зурма-къали, дарай-зарбалгун. **Гьев Къарунги гьесул чIухIараб къокъаги бихьараб мехалъ, дунялалъул чIаголъи бокьулел гIадамаз абуна: «Нижееги бугеб анищ гьав Къаруние бугеб гIадаб бечелъи ва кIодолъи. Гьеб цIакъ кIудияб**

**талихI-рохел буго»-абун.** Дунялалда кьолеб жоялъул цIакъ кIудияб ва гIемераб жо буго гьаб Къаруние кьураб жоян абуна.

**80. Жидеда Аллагь (عز وجل) лъалел, ахираталда божулел муъминзабаца абуна: «Вай нужее квеш букIаял! Нужеца гьединаб рагIи абуге. Ахираталда Аллагьас кьолеб ажро-кири цIакъ кIудияб буго жидеца Аллагьасда иман лъурал ва лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе. Гьеб ажро-кириги кьоларо ва щоларо жидеца Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабиялда сабру гьабурал гIадамазе гурони» - абун.**

**8I. Дица гьев Къарунги гьесул мина-мулкги ракьалда кквезабуна. Гьеб къоялъ Къаруние квербакъизе кIолеб цониги къокъа букIинчIо, Аллагьасул гIазабалдаса Къарун хвасар гьавизе. Гьев Къарунида жиндагоги щибго жо гьабизе кIолеб букIинчIо жив гьеб гIазабалдаса хвасарлъизе.**

**82. Гьеб мехалъ дол Къаруние бугеб гIадаб бечелъи ва кIодолъи жидееги бугеб анищилан рукIарал гIадамал гьабизе жо тIагIун хутIана ва гьез абулеб букIана: «Вай Аллагь! Аллагьас (عز وجل) жиндир лагъзадеридаса жиндие бокьарав чиясе цIакъ гIатIидго ризкъи кьолеб буго ва гьеб ризкъи нахъеги босулеб буго. Жиндие бокьарав ризкъи дагь гурого кьечIого толев вуго.** Гьеб иш инсанасул хиралъиялда яги лъикIлъиялда бараб букIун гьечIо.

**Аллагьас (عز وجل) нижеда цIоб-рахIмат гьабун букIинчIебани, нижги гьев Къарунида цадахъ ракьалъ кквелаан. Вай Аллагь! Аллагьасда инкар ккурал гIадамазе дунялалдаги бахьибуголъи гьечIо, гьезул ахираталдаги лъикIлъиялда квершел батулеб гьечIо»-абун.**

Дунялалъул рукъор цодагьаб мехалъ чIухIун, гIамал кIодолъун хьвадулел рукIаниги Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал зулмучагIазул ахир цIакъ квешаб букIунеб буго. Ахираталдаги гьел абадияб жужахIалда рукIизе руго.

**83. Ахираталъул рукъ буго гьаб дуняладда жидее тIадегIанлъи бокьуларел ва жидеца зулму-пасалъиги гьабуларел гIадамазе дица хIадурун бугеб.** Гьеб ахираталъул рукъ абадияб алжан буго, щиб жо напсалъе бокьаниги гьеб жо жиндие бугеб, жинда жаниб кинабгIаги захIмалъи-къварилъи гьечIеб, рихараб, бокьулареб жоги гьечIеб. **Гьаб алжан щолеб лъикIаб ахират буго Аллагьасдаса хIинкъун дунялалъул рукъор хьвадарал муъминзабазе.**

**84. Жидеца лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе Аллагьас (عز وجل) гьелдасан гIемерго лъикIаб жаза гьабула. Жидеца квешаб гIамал гьабурал гIадамазе жаза гьабуларо гьез гьабураб гIамалалда релълъараб гурони.**

==========

Абугьурайратидаса (ра) хIадис бицана:

Дида Бичасул расул ﷺ жинца абулев рагIана: ***«Валлагьи, дица щибаб къоялъ лъабкъоялда анцIго нухалъ ва жеги цIикIкIунги Аллагьасдаса мунагьал рахчи тIалаб гьабула» - абун.*** ХIадис Бухарияс (ра) бицана.

Жиндир мунагьал кколарев, ккеялдаса Аллагьас живги цIунарав аварагас ﷺ, мунагьал рахчи тIалаб гьабиялъул магIна буго гьес Аллагьасе щукро гьаби жиндие кьураб нигIматалда ва жиндир умматалъул ракI гьесинаби тавбо гьабиялда ва гьезда тавбо гьабизе малъиги. Даимго тавбо гьабулев вукIиналъул мунпагIат буго нилъедаго лъачIого кколел гIисинал мунагьал чури ва нилъее ажро - кири цIикIкIинги.

Цоги хIадис буго дица шибаб къоялъ нусго нухалъ тавбо гьабулин абураб.

Гьаб кIиябго хIадисалда бугеб рикIкIеналъул гьеб рикIкIен мурад гьечIо (масала лъабкъоялда анцIго, яги нусго); гьалдаса мурад буго тавбо-истигъфар гIемер гьаби.

**85. Дуда Къуръан рештIизабурав дур БетIергьан Аллагьас (عز وجل) мун дур анишлъун бугеб Маккаялда тIад вуссизавизе вуго.** Гьаб буго Аллагьас Макка бахъизе букIиналдалъун рохел бицин. Гьижра гьабун гьенисан къватIиве ине ккедал, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг кидаго Маккаялде тIад вуссизе бокьун вукIана. Гьесул ракI парахат гьабизе Аллагьас гьаб аят рештIизабуна.


**Дуца абе МухIаммад ﷺ: Дир БетIергьан жинда лъалев вуго битIараб нухда вугевги ва жив баянабго къосиялъулъ вугевги чи.** Гьаб рагIи буго Маккаялъул мушриказдехун абулеб. Гьезда лъазабулеб буго щивав чияс гьабураб гIамалалъул жаза гьесие букIизе бугин ва Аллагь (عز وجل) кинабго жо жинда лъалев вугин абунги.

**86. Дуда ракIалда кколеб букIинчIо ва дур хьулги лъолеб букIинчIо мун авараг вукIинин абун, дуда Къурьанги рештIизабилин абун.** гьеб буго Аллагьасул (عز وجل) дуе бугеб рахIмат. **Гьедин**

**бугелъул мун вукIунге капурзабазе квербакъулевлъун ва гьезул батIулаб дин ритIухъ гьабулевлъунги.** гьезулгун хIал рекъезабулаян абун гьезул къосин ва купру къабул гьабуге.

гьаб хитIаб хирияв аварагасдехун гьабураб бугониги, гьаб буго гьесул умматалда гьабураб хитIаб; гьез капурзабазе квербакъичIого букIизе ва гьезул диналда нахъ рилълъинчIого рукIизе.

**87. Аллагьас (عز وجل) дуда рештIизабураб хIакъаб Къуръаналдаса мушриказ мун гьездехун вуссизавуге абе!** гьеб Къуръан дуда рештIизабун хадуб мун цоги жоялда гIенеккуге ва валагьуге. **Дуца гIадамалги ахIе Аллагь цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялда. Мун вукIинего вукIунге жидеца Аллагьасде (عز وجل) ширк гьабулел гIадамаздаса:**




**88. Дуца жив цогояв Аллагьгун (عز وجل) цадахъ цоги кинабгIаги жо алагьлъун ккун, гьелъие лагълъи гьабуге. Жив цогояв, цоги гьечIев вуго гьев Аллагь (عز وجل). Гьев Аллагь тун нахъияб жо жиб гьалаглъулеб ва паналъулеб буго. Аллагьасе буго кинабго жоялъул хIукму-къадар гьаби. Ахир кинабго жоялъул буссинги гьесде буго.**

**29. Суратул ГIанкабути**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда ичIго аят бугеб.

**I. Алиф, Лам, Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда ( عز وجل) лъала гьал хIурупал абиялдалъун бугеб мурад ва гьезул магIна.

**2. ГIадамазда ракIалдайищ кколеб бугеб жидеца иман лъуна абураб рагIи абураб мехалъ, жал щибго питна-къварилъи гьабичIого телин абун.**

**3. ХIакълъунго дица хIалбихьи гьабуна гьезда цере рукIарал умматазул муъминзабазулги. Аллагьас (عز وجل) гьелдалъун загьир гьарун лъазарула иманалъулъ ритIухъал гIадамал ва гьединго лъазарула жидеца гьереси бицулел, мунапикъал гIадамалги.**

**4. Жидеца квешаб гIамал гьабурал гIадамазда ракIалдайиш кколеб бугеб гьел дир гIазабалдаса рорчIилин абун. Гьезул ракIалда ккараб жо ва гьез гьабулеб хIукму цIакъ квешаб хIукму буго**

**5. Жинца ахираталда иман лъурав ва Аллагьасда (عز وجل) данде чIвазе вукIин лъалев муъминчиясе** Аллагьас лъикIаб жазаъ гьабизе буго **ва Аллагьасда данде чIвалеб къо щибго шаклъи гьечIого бачIине буго. ТIадегIанав Аллагьасда кинабго жо рагIула ва лъала.**

**6. Жинца напсалда жигьад гьабун гьеб Аллагьасе тIагIат-гIибадат гьабиялда ругьун гьабурав чиясе гьеб жигьадалъул лъикIлъи жиндиего буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинца гIейи гьабулев вуго кинабго гIаламалдаса.** Гьев щибго жоялда хIажатав гьечIо.


**7. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе, дица гьезул киналго мунагьал чурила ва гьезие жидеца гьабураб лъикIаб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб жазаги гьабила.**

**8. Дица инсанасда васият гьабун буго гьес жиндир эбел-инсуе лъикIлъи гьабе абун**. Гьаб васият буго жиб тIубазабизе тIадаб Аллагьасул амру. Гьел эбел-эмен руго гьев инсан ватиялъе сабаблъун ругел. Гьев хьихьун, гьесие тарбия гьабун жидеда гIакъуба бихьарал. Гьев инсан унтараб мехалъ гьесда ракI гурхIун жалги унтулел, гьесда гIакъуба-къварилъи щвараб мехалъ гьеб жидее цIакъ захIмалъулел, гьесие лъикIлъи ва рохел бугеб къо бачIараб мехалъ жидер ракI цIакъ бохулел, гьелдаса кIудияб рохел жидее букIуларел.

**Гьел эбел-инсуца дудехун хIал гьабуни ва гьез кигIанго яхI бахъаниги дуца дидехун щиб бугониги жо ширк гьабун гьелъие лагълъи гьабиялда мун вачизе, гьеб ишалъулъ мун эбел-инсуе мутIигIлъуге, гьезул амруялдаги нахъвилълъунге.** Аллагьасдехун гIасилъе абун амру гьабураб мехалъ щивниги чиясе мутIигIлъизе бегьуларо: Аллагьасул (عز وجل) амру хвезе гьабун, гьебги гIодоб тун Аллагьас бижараб махлукъаталъул амру тIадегIан гьабизе бегьуларо. Гьаб бакIалда щвараб мехалъ

эбел-инсудаги мутIигIлъуларо ва гьездаса ватIалъун Аллагьасул (عز وجل) амру тIубай тIаде босизе ккола.

**Нуж киналго ахираталда дида руссине руго ва гьениб дица нужее баян гьабизе буго гьаб дунялалъул рокъор нуж жиндилъ хилиплъун рукIараб диналъул амру.** Нужеца гьабураб гIамал тIад хъварал кагъталги цере рахъун, гьеб хъварал малаикзабиги нугIлъун чIезарун, хадуб нужерго лугби кIалъазарун, гьезда нугIлъи гьабизабун, нужер хIужа-далил тIагIараб хIалалъ, нуж мукIур гьарун хадуб щивасул гIамалалда рекъараб жаза гьабизе буго.




**9. Жидеца Аллагьасда (عز وجل) ва ахираталда иманги лъун,** гьесул расуласда ﷺ мутIигIлъун, **лъикIаб гIамалги гьабун хьварал гIадамал, дица лъикIал гIадамалгун цадахъ** алжаналъул нигIматазулъ **лъугьизарила.**

**I0. Аллагьасда иман лъунин ругел гIадамаздаса цо къокъа буго жидее Аллагьасул дин сабаблъун къварилъи гьабураб мехалъ, гьел мушрикаца жидее гьабураб къварилъи Аллагьасул гIазаб бугин абун ракIалда кколел** ва жидеца хекого купру загьир гьабулел. **Аллагьасул рахъалъан муъминзабазе квербакъи бачIараб мехалъ гьез абула: нижги нужгун цадахъ рукIанин, нижееги бутIа гьабе нужее щвараб давлаялдасаян-абун.** Гьезул рагIи нахъчIван Аллагьас абулеб буго: **Аллагь (عز وجل) жинда лъалев гьечIищха гIадамазул ракIазда жаниб бугеб жоги?** мунапикъазул хIал лъала Аллагьсда ва гьезие жазаги гьабила.

**II.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) лагъзадерил хIалбихьи гьабула ва гьезда тIаде батIи-батIияб къварилъи ва гIазаб биччала: **Жинда загьираб лъаялдалъун лъазе хIакъикъияб иман лъурал гIадамал ва жидеца мунапикълъи гьабулел гIадамалги.**

**I2. Аллагьасда инкар ккурал гIадамаз муъминзабада абуна: нуж нижер диналда рачIа ва исламияб дин те. Нагагь ахиратги батани, нужее гIазабги гьабизе батани гьеб гIазаб нижеца баччила нужедасаян - абун. Гьел капурзаби жидергоцин мунагьал раччине кIоларел руго.** Гьез цогидазул мунагьалги раччуларо. **ХIакълъунго гьел руго жидеца гьереси бицулел гIадамал.**

**I3. Гьел капурзабада къиямасеб къоялъ жидер мунагьал раччинаризе руго ва жидеца къосизарурал гIадамазул мунагьалги раччинаризе руго.** Гьел гIадамазда жидедагоги раччинарила жидер къосиналъул мунагьал. **Къиямасеб къоялъ гьел капурзабада гьикъизеги буго жидеца дунялалда гьабураб гьересияб гIамалалдаса.**

**I4. ХIакълъунго дица НухI (гIв) авараг витIана жиндир къавмалда,** гьел Аллагь (عز وجل) цо гьавун гьесие гIибадат гьабиялда ахIизе. **НухI аварагас гьеб къавм Аллагьасул диналда ахIулаго гьезда гьоркьоб бана азарго сон, кIикъоялда анцIго сон тIаса бахъараб.** Гьеб къавмалъул гIемерисез иман лъечIо, НухI (гIв) авараги гьереси гьавуна. **Цинги гьезда тIаде тIупан биччан,** гьелдалъун гьел гьалаг гьаруна, **купру-ширкалда ва зулмуялда тIад чIун ругеб хIалалъ.**


**I5. Дица НухI авараг ва гьевгун цадахъ гамида рекIун рукIарал гIадамал хвасар гьаруна гьеб тIупаналдалъун гьалаг гьариялдаса. НухIил (гIв) къавм гьалаг гьаби хадусел умматазе дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб гIаламатлъунги гьабуна.**

**I6. Ибрагьим аварагги витIана дица жиндир къавмалда. Ибрагьимица къавмалда абураб гIуж бице МухIаммад ﷺ дуца умматалъе вагIзалъун: «Нужеца лагълъи гьабе цохIо Аллагьасе ва нуж гьев Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса хIинкъа. Гьеб буго нужее дунялалдаги ахираталдаги лъикIаб гIамал, нуж лъикIаб ва квешаб жо батIа гьабизе лъалел ратании.**

**I7. Жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагьги (عز وجل) тун, нужеца хъанчазе буго гIибадат гьабулеб. Нужеца гьересиял алагьзабиги рижизарулел руго:** ганачIалъул, цIулалъул ва цогидаб жоялъул хъанчал гьарулел руго, гьел алагьзаби ругинги абулеб буго. **Гьел, Аллагьги (عز وجل) тун**

**нужеца лагъалъи гьабулел алагьзаби руго нужее ризкъи кьоларел, гьеб кьезеги кIоларел**. Нужее щибго хайир яги зарал гьабизе кIоларел.

Нужеца гьездаса щибго жо тIалаб гьабуге, гьезда нужер хьулги лъоге! **Нужеца ризкъи тIалаб гьабе нужер БетIергьан Аллагьасдаса, гьесие гьабе гIибадатги ва гьесие гьабе шукруги, нужее кьурал нигIматазда. Нуж ахираталда Аллагьасда руссизаризе руго** ва нужее жазаги гьес гьабизе буго.




**I8. Нужеца дун гьереси гьавуни ва Аллагьасда иманги лъечIони,- гьеб нужеего квеш буго. Нужеда цере рукIарал умматазги гьереси гьаруна жидехъе рачIарал аварагзаби.** Аллагьас (عز وجل) гьел дунялалда гьалаг гьаруна, ахиараталда гьезие жужахIалъул гIазабги букIизе буго. **Аллагьасул расуласда ﷺ тIадаб жо букIуна жинда тIад къараб рисалат умматалъухъе щвезаби. Гьел гIадамал иманалда тIоритIи гьесда тIадаб жо гьечIо**. Гьел аварагасда мутIигIлъичIин абун гьесие гIакъуба-къварилъиги букIуларо.

**I9. Жидеца ахираталда ва хварал тIаде рахъизариялда инкар кколел гIадамал кин балагьуларел** ва гьез пикру щай гьабулареб **Аллагьас (عز وجل) щибго жо гьечIеб бакIалдаса киндай халкъ бижун буго абун.** Гьелъул пикру гьабун жидеца далилги бачизе **Аллагьасе гьел гIадамал цIидасанги рижизе кIолеб букIиналда. Хун хадуб халкъ чIаго гьаби Аллагьасе (عز وجل) бигьаяб иш буго.**

**20. Гьел инкарчагIазда дуца абе Ибрагьим (гIв): нуж гьаб ракьалда тIад хьваде ва нужеца пикру гьабе киндай Аллагьас махлукъат бижун бугеб абун.** ТIадегIанав Аллагьас цIакъ гIемерал ва батIи-батIиял хIайванал, рухIчIаголъаби, хIанчIи, чугIби рижун руго щибго жо букIинчIеб бакIалдаса. БатIи-батIиял гIадамалги рижун руго: жидер кьер батIиял, мацI батIиял, тIабигIат-гIамал батIиял.

Нуж балагье ццересел умматал жанир рукIарал, гьелги тIагIун чIунтун ругел росабазда. Гьедин балагьун, пикру гьабун, нужеда лъазе ккола ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир гуч бергьарав, къудрат камилав хан вукIин.

**Гьев Аллагьас къиямасеб къоялъ цIидаса гIадамал рижизарула ва тIаде рахъизарула. ХIакълъунго гьев Аллагь (عز وجل) вуго кинабго жоялда хIалкIолъи бугев,** жиндие бокьарб жо бокьухъин гьабулев.

**2I. ТIадегIанав Аллагьас жиндие бокьарв чиясе гIазаб гьабула ва жиндие бокьарасда гурхIел гьабун гьесда тIаса лъугьула. Гьев Аллагьасда руго къиямасеб къоялъ киналго гIадамал руссинеги.**

**22. Нуж гьечIо Аллагь (عز وجل) гIажиз гьавулеллъун,** гьесул гIазабалдаса рорчIулеллъун, **нуж зобалазда ругониги, ракьалда тIад ругониги. Гьев Аллагь гурев цоги нужее вали гьечIо,** жинца нужер умуразул тадбир гьабулев **ва нужее квербакъулев чиги гьечIо.**


**23. Жидеца Аллагьасул гIаламатаздаги инкар кколел, ахираталда гьесда данде чIваялдаги божуларел гIадамал руго Дир рахIматалдаса жидер хьул къотIарал. Гьезие ахираталда цIакъ гучаб гIазабги букIизе буго.**

**24.** Ибрагьим аварагас гьаб цебе бицараб хIалалъ дагIват гьабураб мехалъ, **гьесул къавмалъ кьураб жаваб букIинчIо, гьез аби гуреб: «Гьев Ибрагьим чIвае, яги гьев цIадавеги рехун вухIе» - абун. Аллагьас (عز وجل) Ибрагьим (гIв) гьезул цIаялъ вухIиялдаса хвасар гьавуна. Гьаб Ибрагьимил ва гьесул къавмалъул къисаялъулъги Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда, гьев къуват-гуч бергьарав хан вукIиналда тIоритIел буго, жидеца иман лъолеб къавмалъе.**

Намрузица жинда аскIоре къазе кIолареб хIалалъ боркьараб кутакаб цIаги бакун, цинги ганчIил гIарадаялда жанивги лъун цIадаве рехарав Ибрагьим (гIв), щибго къварилъи ккечIого гьеб цIадаса къватIиве вачIин цIакъ кIудияб гIаламат буго, Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб. Гьеб

гIаламат бихьараб мехалъги жидеца Аллагьасда иман лъолареб къавмалъул купру-ширкги цIакъ гучаб буго, гьезие ахираталда бугеб гIазабги гьезул гIамалалда релълъараб букIизе буго.

**25. Ибрагьим аварагас жиндир къавмалда абуна: нужеца гьел хьанчал алагьзабилъун ккун гьезие лагълъи гьабулеб буго, нужер дунялалъул рукъоб цо-цаздехун бугеб гьудуллъи ва рокьахинлъи цIунун, гьеб сабаблъун. Цинги ахираталда щун, Аллагьасда (عز وجل) цере чIезаридал ва гьениб нужее букIунеб гIазабги бихьидал, нуж цоял цоязда инкар ккун, цоцазе лагIнат кьун рукIизе руго. Гьеб къоялъ нуж киналго руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго ва нужее квербакъи гьабулев, нужедаса гIазаб нахъчIвалев щивго чиги вукIине гьечIо.**




**26. Ибрагьим аварагасда иман лъуна ЛутIица (гIв).** Гьев вукIана Ибрагьим аварагасул вацасул вас ва гьесда иман лъуразул бищун цевесевги. **Ибрагьимица (гIв) абуна: дица хьанчазе лагълъи гьабулеб къавм ва гьезул ватIан тана ва дун БетIергьан Аллагьасде (عز وجل) вуссана, гьесул диналъе гIоло гьижра гьабун къватIивеги вахъанаян - абун.** ГIиракъалъул ракьалдаса вахъун Ибрагьим авараг Шамалъул ракьалдехун ана, Ибрагьимгун цадахъ ЛутI авараги ана добго Шамалъул ракьалдехун. **Гьев дир БетIергьан Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав ва хIукму битIарав хан.**

**27. Дица Ибрагьим аварагасе ИсхIакъ абун вас кьуна, гьесул вас ЯгIкъубги кьуна. Ибрагьимил наслуялъулъ авараглъиги гьабуна, гьезда тIехьги рештIизабуна. Дунялалъул рукъобги дица Ибрагьимие (гIв) берцинаб ва лъикIаб ажро кьуна.** Киналго диназда жаниб гьев Ибарагьимие рецц гьаби, гьев къабул гьави буго. **Ахираталъул рукъовги Ибрагьим авараг бищунго лъикIал, жидер къадрокъимат тIокIал муъминзабадаса вукIизе вуго.**

Ибрагьим аварагасдаса хадур ругел киналго аварагзаби гьесул наслуялъул руго. Аллагьас рештIизарурал тIахьалги гьезда рештIизаруна. Аллагьас (عز وجل) жиндир гьудуллъун ккурав ва киналго гIадамазе имамлъун гьавурав Ибрагьим аварагасе гьаб цIакъ кIудияб нигIмат буго ва Аллагьасул цIоб-рахIматги буго.

**28. Дуца дир расул ЛутIил къисаги бице умматалъе вагIзалъун. Гьес жиндир къавмалда абураб гIуж бице: «Нуж руго цIакъго къабихIаб пиша гьабулел гIадамал. Гьединаб къабихIаб гIамал гьабичIо нужеда цере рукIарал цониги умматазул гIадамаз.**

**29. Нужеца жимагI гьабулеб буго бихьиназда.** Гьеб гIамал буго жегиги жиб гьабун рагIичIеб къабихIаб ва инжитаб гIамал. **Нужеца гъачагълъи гьабун гIадамалги чIвалел руго,** гьезул боцIиги бахъулеб буго. Гьаб гIамалги буго дунялалда жинда данде бищунго кIудияб гIакъуба гьабизе исламияб диналда бихьизабураб квешаб гIамал. Гъачагълъи гьабун боцIи бахъарал ва гIадамал чIварал чагIазул кваранаб квер, квегIаб хIетIе къотIула, хадур гьел чIвала ва лъабго къоялъ гIадамазе рихьулеб бакIалда дализарун тола.


**30. ЛутI аварагас абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! Дуца дие квербакъи гьабе гьаб жидеца пасалъи ва зулму гьабулеб къавмалда данде» - абун.**

**3I. Ибрагьимида рохел бицун гьесухъе дир русулал рачIараб мехалъ,** дуе вас гьавизе вугин абун. Гьел рукIана малаикзаби (гIв) ЛутIил къавм гьалаг гьаризе цере Ибарагьимихъе, хадур ЛутIихъе жал рачIарал. **Гьез абуна: «нижеца Аллагьасул амруялдалъун гьал ЛутIил къавмалъул росабазул агьлу гьалаг гьабизе буго. Гьел росабазул агьлу жидеца зулму ва пасалъи гьабулел руго»-абун.**

**32. Ибрагьим аварагас абуна: «Гьеб росолъ ЛутI авараг вуго гурищ?** Гьевгийищ нужеца гьалаг гьавизехъин вугев?» - абун. **Малаикзабаца абуна: «Нижеда лъала гьеб росолъ щал гIадамал ругеб. Нижеца гьев ЛутIги, гьесул иман лъураб агьлуги гIазабалдаса хвасар гьаризе руго. Гьесул чIужу**

**хутIизегIан. Гьей жал гьалаг гьарулезда гьоркьой йикIине йиго» - абун.** Гьей пасикъаб къавмалда рекъарай, ЛутIие хиянат гьабулей йикIана.

**33. Цинги дир русулал ЛутIихъе (гIв) рачIараб мехалъ, гьев цIакъ пашманлъана ва гьесул керенги къварилъана.** ЦIакъ берцинаб гьумер бугел гIолохъабилъун гьел рихьидалго, жиндир къавмалъ гьезие къварилъи гьабиялда хIинкъана ЛутI.




Гьесул хIал бихьараб мехалъ **малаикзабаца абуна: Мун хIинкъуге ва мун пашманлъуге! Ниж руго Аллагьасул русулал. Нижеца мунги дур иман лъураб агьлуги хвасар гьабизе буго** гьаб квешаб къавмалъул зулмуялдаса ва гьезда рештIизабулеб гIазабалдаса, **цохIо дур капурай чIужу хутIизегIан. Гьей жал гьалаг гьарулеб къавмгун цадахъ хутIизе йиго»-абун.**

**34. Нижеца гьаб росдал агьлуялда тIаде рештIизабизе буго цIакъ квешаб гIазаб. Зодисан гьезда тIаде жужахIалъул цIаялъ роркьарал ганчIал речIчIизе руго,** гьезул росаби зодореги рорхун кIала гъокье сверизарун ракьалда ротизе риччан хадубги. **Гьеб гIазаб буго гьезул гIасилъиялда ва пасикълъиялда данде бугеб жазаъ**

Гьезул росаби рукIараб бакIалда квешаб, махIцараб лъим жаниб бугеб хIор гьабуна, ахираталдаги гьезие цIакъ захIматаб ва гьел инжит гьарулеб гIазаб букIизе буго. Гьеб ЛутIил (гIв) къавмалъул къисаги киналго умматазе вагIзалъун гьабуна къиямасеб къо щвезегIан.

**35. Дица гьеб росо букIараб бакIалда гьабураб махIцараб хIор ва чIунтарал минаби баянаб ва загьираб гIаламатлъун гьабуна, жидеца пикру гьабулел ва жидер гIакълу бугел гIадамазе.**

**36. Мадяналъул агьлоялдаги дица авараглъун витIана гьезулго вац ШугIайб. Гьес абуна: «Я дир къавм! Нужеца лагълъи гьабе жив цогояв, жиндие лагълъи гьабизе тIадав Аллагьасе ( عز وجل). Нужер хьулги лъе ахираталда букIине бугеб абадияб алжаналда. Нужеца гьаб ракьалда тIад пасилъи ва зулмуги гьабуге»- абун.**

**37. Къавмалъ ШугIайб авараг гьереси гьавуна, ва гьел ккуна гучаб гьаракьалъул ва ракь багъариялъул гIазабалъ. Цинги гьел киналго жал рукIараб бакIалда гIодор ккун хвараллъун лъуна.** Ракь багъариялда цебе гучаб гьаракь ргIун гьезул ракIал хIинкъун, рихъун ана, хадуб ракь багъарун бихъ-бихъун ун, гьелги гьезул минабиги ракьгун журана ва ракьулъе ана.

**38. ГIадилазул ва самудиязул къавмалги гьалаг гьаруна дица. Нужеда гьел къавмал рукIарал бакIал рихьула, я Маккаялъул агьлу!** ХIижазалдаги, Яманалдаги руго гьезул росабазул чIунтелал. Нужеца гьелъул пикру гьабиларищ ва гьелдаса вагIза босиларищ?


**Гьел къавмазе шайтIаналъ берцин бихьизабун букIана жидеца гьабулеб купру-ширк ва хIакъаб диналдаса гьел нахъеги чIвалел рукIана. Гьел гIадамал жидер гIакъло-лъай бугел, жидеда жо бичIулел, хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе рес бугел рукIана.** Амма гьез жидер гIелму-гIакълу хIалтIизабичIо ва шайтIаналда нахърилъун хьвадана.

==========

Аллагь разилъаяв Анас асхIабасдаса хIадис бицана:

Аварагас ﷺ абуна: ***«Нужер цонигияв камилаб иман бугевлъун вукIунаро жиндир напсалъе букIине бокьулеб жо жиндир диналъул вацасеги букIине бокьинегIан»-абун.*** ХIадис Бухарияс ва Муслимица (ра) бицана.

Гьаб хIадисалъул пикро гьабураб мехалъ муъминзабаз цIакъ яхI бахъине кколеб буго цоцазе насихIат гьабизеги, диналъул ва дунялалъул ишазулъ мунпагIат бугеб жо малъинеги Гьаб хIадисалда рекьон бусурбаби хьвадулелани жакъа нилъеда бихьулеб цоцадехун бугеб хилиплъи, жахIда-хIусуд тIагIинаан.




**39. Къарунги, пиргIавнги, Гьаманги гьалаг гьаруна дица. ХIакълъунго гьезухъе Муса авараг вачIана баянал хIужабаздалъун ва загьирал мугIжизатаздалъун. Амма гьелги, гьезул къавмалги чIухIана Муса аварагасда иман лъезе, гьез ракьалда тIад гIамал кIодолъи ва пасалъи гьабуна. Гьел капурал ва пасикъал гIадамалги дир гIазабалдаса рорчIичIо.**

**40. Щивав чи дица ккуна жинца гьабураб мунагьалда релъгьараб гIазабалдалъун. Гьездаса цоял руго дица жидеда тIаде зодисан ганчIал речIчIарал. Гьездаса цогидал гучаб гьаракьалдалъун ккуна.**

**Цо гIадамал ракьалда жанир ккезаруна, цоял ралъдалъе ва тIупан тIун гьанкъизаруна. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIинчIо гьезул цонигиязе жинца зулму гьабулев. Киннги гьел къавмал рукIана жидеца напсазе зулму гьабулеллъун.**

**4I. Жидеца Аллагьасе гIибадат гьабиги тун, цоги вализаби кколел гIадамазул мисал буго, жинца хьухьараб кун рукълъун ккураб нусиречалъул мисал. Бищунго загIипаб ва мунпагIат гьечIеб жо буго гьеб нусиречалъ хьухьараб кун ва гьеб рукъ. Гьаб амру гьадин букIин лъалебани гьел мушриказ жидерго квераз гьарурал хъанчазе лагьлъи гьабилароан.**

Нусиречалъул рукъ бихьарав ва гьелъул пикру гьабурав чиясда бичIчIула гьеб цIакъ загIипаб жо букIин. Инсанасул кIалалъ хIухьел пуниги тIун унел, тIеренал, загIипал куназ хьухьараб сетка букIула гьеб. Гьелда кIоларо цIорой яги хинлъи нахъчIвазе, цIад баниги, гьури пуниги гьеб тIутIун уна. Гьадинаб щибго жидее мунпагIат гьечIеб жоялъе лагьлъи гьабулел руго хъанчазе лагьлъи гьабулел гIадамалги: жидеца гьел алагьзабилъун ва жидер амру тIубалел вализабилъун кколел. Хъанчазда релълъун рукIула гIадамалги, гьез жидее кумек гьабилин абун гьезда хьул лъураб мехалъ ва гьезда ахIиги бараб мехалъ.

**42. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго гьел мушриказ жидее гIибадат гьабулеб жо щиб бугебали. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жиндир гуч бергьарав ва жиндир пишабазулъ хIакимияв хан.**


**43. Гьаб Къуръаналда жанир дица рицулел къисаби ва рачулел мисалал руго гIадамаз гьездаса вагIза ва гIакъло босизе ругел. Гьел мисалал ричIчIунел гьечIо, гьезул вагIзаги лъугьулеб гьечIо жидее Аллагьас гIелму-лъай кьун, жал тIоритIарал муъминзабазе гурони.**

**44. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) зобалги ракьги бижун буго жинца хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун.** Гьеб гIададаго бижараб жо гьечIо, Аллагьас цо хIикмат - пайда гьечIеб жо гьабуларо. **Гьеб зобал ракьал рижиялда жанирги гIемерал гIаламатал руго жидеца иман лъолел гIадамазе.** Щибаб махлукъаталъулъ пикру гьабураб мехалъ, гьелда жаниб гIемераб гIажаибаб жо бихьула, инсанасул гIакъло нахъ регIуларе, гьесда гьабизе, ургъизе кIоларе. Гьеб махлукъаталъул камилаб бижи ва гIуцIи бихьарав, гьелъул пикру гьабурав чиясе Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда, гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал гIемер руго.

**45. Дуца умматалъе цIале МухIаммад ﷺ, Хирияб Къуръаналдаса дуда вахIю гьабураб жо. Гьеб Къуръан цIалиялда, гьелъул пикру гьабиялда тIад чIа мун. Паризаяб какги бай.**

**Аллагьасе (عز وجل) балеб как буго жинца инсан къабихIаб жоялдаса нахъIвалеб, гьев шаргIалда какараб жо гьабизе гьукъулеб.** Унго-унго Аллагьги (عز وجل) ракIалда вукIун, гьесда цеве чIун, гьесие лагьлъи гьабун, как балев чияс карагьатабги, хIарамабги, къабихIабги жо гьабуларо. Жинца гьабулеб жо щиб бугебцин лъаларого, гIадамаз гьабулеб жо гьабун, гьезда релълъун вукIине гIоло как бай Аллагьасе как бай букIуларо ва гьединаб как баялъ гьев инсанасе щибго мунпагIатги гьабуларо.

**Жинда Аллагь ракIалда вукIин ва Аллагь рехсей буго дунялалъул рукъоб цогидаб кинабго жоялдаса жиндир пайда кIудияб.** Как балеб мехалъги, хIалтIи- пиша гьабулеб мехалъги, киналго хIалазулъ жиндир БетIергьан Аллагь (عز وجل) вукIин, жив гьесул лагъ вукIин хал гьабун хьвади буго Аллагь (عز وجل) рехсеялъул магIна. **ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго лагъзадерица гьабулеб кинабго гIамал** ва гьезие жаза гьабулевги вуго.




**46. Жидехъе тIехь кьурал гIадамал исламияб диналда ахIулеб мехалъ гьездехун берцинаб калам гьабун**, Аллагьасул аятал рицун, баянаб хIужа-далил бачун **ахIе. Гьездаса нужедехун тушманлъи ккун рагъбалел ва нужее зулму гьабулезде** бегьула гьез гьабуралда релълъараб гIамал гьабизе.

**Нужеца китабиязда абе: «Нижеца иман лъун буго нижеда рештIизабураб Къурьаналда ва нужеда рештIизабураб Инжилалдаги Тавраталдаги, нужерги нижерги БетIергьан цохIо Аллагь (عز وجل) вуго, гьев Аллагьасда иман лъун, ниж гьесие мутIигIлъун руго» - абун.** Абугьурайратица (ра) абуна: китабияб агьлоялъ Таврат цIалулеб букIана гIибранияб мацIалда ва гьелъул магIна гьабулеб букIана гIараб мацIалда. Цинги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна*: «Нужеца гьел китабиял ритIухъги гьаруге, гьересиги гьаруге. Нужеца гьезда абе нижеца иман лъун буго Аллагьас (عز وجل) нижеда рештIизабураб жоялдаги нужеда рештIизабураб жоялдаги»*-абун.

**47. Дудаса цере рукIарал аварагзабада рештIизабураб гIадинго дица дудаги тIехь рештIизабуна МухIаммад ﷺ. Жидехъе тIехь кьурал умматазул муъминзабаца духъе кьураб Къуръаналдаги иман лъолеб буго. Гьаб Маккаялъул агьлуялдасаги руго жидеца Къуръаналда иман лъолел гIадамал. Гьеб Къурьаналдаги цогидал дир тIахьаздаги инкар кколаро жидеда гьеб хIакъаб Аллагьасул калам букIин лъараб мехалъги гьелда иман лъезе чIухIарал капурал гIадамаз гурони.**

**48. Гьаб Къуръан рештIизабилелде цебе дуца тIехь цIалулевлъун вукIинчIо мун ва дур квералдалъун гьеб хъвалевлъунги вукIинчIо. Гьедин мун хъвазе, цIализе лъалев вукIаравани** жидеца Къуръанги цогидаб хIакъаб жоги батIул гьабулел гIадамазе рес лъугьинаан гьеб Къуръан дуцаго хъвараб жо бугин абизе, цересел гIадамазул тIахьаздаса цIалун ва данде гьабун**. Цинги гьелги шакдарилаан дуца бицунеб жо битIараб букIиналда.**

Маккаялъул агьлуялда лъалеб букIана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг жинца тIехь хъваларев ва цIалуларев вукIин. Гьединав умияв МухIаммад ﷺ гьезда гьелда релълъараб гьабизе кIоларев, пасихIаб, ргIи берцинаб, магIна гъваридаб Къуръанги босун гьезухъе вачIинго букIана аварагасе ﷺ бугеб бищунго кIудияб мугIжизат. Гьелда инкар ккурал гIадамалги рукIана жидеда гьеб хIакъаб Аллагьасул (عز وجل) калам букIин лъалеб бугониги гьелда инкар ккун чIарал.

**49. Гьеб Къуръан буго жиндир аятал баянаб, жиб мугIжизат букIин загьираб Аллагьасул калам. Жиб гIалимзабаца рекIехъе лъазабун цIунун букIунеб. Гьел дир аятазда инкар ккун чIарал гIадамалги гьечIо жидеца цIакъго зулму гьабулел, жидер купру-ширкалъулъ гIорхъолъан рорчIарал гIадамал гурони.**


**50. Маккаялъул мушрикаца абуна: «Гьев МухIаммадида ﷺ жиндир БетIергьанас мугIжизат рештIизабун букIарабани» - абун. Дуца абе МухIаммад ﷺ, «гьел мугIжизатал руго Аллагьасул (عز وجل) ихтияралда ругел, гьесие бокьаразе кьолел. Дун вуго нужеде витIарав авараг, нужее баянаб хIинкъи кьезе» - абун.**

**5I. Гьел Маккаялъул мушриказе гIоларогунищ бугеб дица дуда хирияб Къуръан рештIизабун букIин, жидее гьеб цIалулеб.** Гьелдаса кIудияб мугIжизат щиб гьезие къваригIун бугеб? Гьелда иман лъечIел, гьелда инкар ккурал мушриказ цоги щиб жоялда иман лъолеб?

Мушриказ «МухIаммадида мугIжизат рештIизабулебани»-абураб ргIи буго жидерго ахIмакълъи бихьизабулеб ргIи**. Гьеб Къуръаналда жаниб кIудияб рахIмат буго,** гьелдалъун жужахIалдаса гIадамал хвасар гьарулел ругелъул. **Иман лъезе бокьарал гIадамазе баянаб вагIза-насихIатги буго.**

**52. Дуца гьезда абе МухIамма ﷺ, нужедаги дидаги гьоркьов нугIлъун живго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) гIезе вуго.**

**Гьев вуго жинда зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго жо лъалев. Жидеца батIулаб жоялда иманги лъун, Аллагьасда инкарги ккун хьвадарал гIадамал, - гьал руго тIобанго чIорого хутIарал гIадамал.**




**53. Гьел мушрикаца дудаса тIалаб гьабулеб буго МухIаммад ﷺ, мун жидее гIазабги бачун вачIаян абун.** Гьезие гIазаб гьабизе **Аллагьас къадар гьабураб заман букIинчIебани, гьезие гIазаб гьабилаан**. Амма Аллагьасул амру гьезул тIалабалда рекъон хьвадуларо**. БичасхIаги, гьезухъе гIазаб бачIина тохлъукьего,** гьезда ракIалдаго гьечIеб мехалъ **ва жидеда гьеб гIазаб бачIунеб мехги лъазе гьечIо.** Гьелда дандчIвазе гьел хIадурунги рукIине гьечIо.

**54. Гьел мушрикаца дудасан тIалаб гьабулеб буго мун гIазабги бачун хехго вачIа абун ва гьезда лъалеб гьечIо къиямасеб къоялъул гIазаб гьел капурзабада сверун лъугьун букIунеблъи ва гьезие рорчIизе, лъутизе бакI букIунареблъиги.**

**55. Гьеб къиямасеб къо буго гьезда бетIералда тIасаги, хIатIазда гъоркьанги киналго рахъаздаса гIазаб сверун лъугьараб. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьезда абула: «Гьанже чIаме нужеца дунялалда гьабула букIараб гIамалалъул жаза» - абун.**

**56. Я дида иман лъурал дир лагъзал! Дир ракь цIакъ гIатIидаб буго.** Нужее Маккаялъул мушриказ къварилъи гьабулеб батани нуж гьижра гьабун къватIире рахъа ва къварилъи гьабулареб бакIалда а! **Нужеца гIибадатги цохIо Дие гьабе!**

**57. Кинабго напс буго жинца хвел чIамизе бугеб, ва ахираталда киналго дида руссизаризе руго.**

**58. Аллагьасда иманги лъун, гьесул расуласда ﷺ мутIигIлъун, лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзабазе дица алжаналда жаниб гьел руссунеб ва чIолеб бакI гьабила рорхатал кIалгIаби: жидеда гьоркьан нигIматазул лъарал чвахулел. Абадиялъго рукIинелъун гьенир жанирги лъугьизарила. Гьаб бугоха цIакъ лъикIаб ажро, Аллагь разилъи тIалаб гьабун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе.**

**59.** Гьал Аллагь разилъи жидее щварал гIадамал руго **жидеца Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIад чIун сабро гьабурал, гьижра гьабиялъул ва мушриказул къварилъиялъул захIмалъи хIехьонги сабро гьабурал гIадамал. Кинабго амруялъулъ Аллагьасда (عز وجل) таваккал тIамунги рукIулел.**

**60. Чан бугеб ракьалда тIад хьвадулеб рухIчIаголъи, жинца ризкъи цадахъ босулареб** ва гьеб ризкъи тIалаб гьабизе жиндир хIалги кIолареб. **ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) кьола гьелъие ризкъи, нужееги жинца ризкъи кьолеб гIадин. Гьев Аллагь вуго жинда нужер ргIи ргIулев ва нужер хIал лъалев.**

**6I. Дуца гьел инкарчагIазда гьикъани МухIаммад ﷺ: щивха вугев гьал зобалги ракьги жинца бижарав, бакъги моцIги жинца квегъарав абун. Гьез дуда абизе буго Аллагь вуго абун.** Гьезие цоги жаваб кьезе рес гьечIо. **Гьаб иш гьадин букIингун цадахъ гьел Аллагь (عز وجل) цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялдаса кинха руссун чIолел?**

**62. ТIадегIанав Аллагъ (عز وجل) вуго жиндие бокьарал лагъзадерие гIатIидго ризкъи кьолев. Жиндие бокьаразе ризкъи дагь гьабунги кьола.** Гьеб буго лагъзадерил хIалбихьи гьаби. Ризкъи гIатIид гьабула гьел гIадамаз шукру гьабуладай абун хIалбихьи гьабун. Ризкъи къварид гьабула (дагь гьабула) гьез сабро гьабуладай абун хIалбихьун. **ХIакълъунго Аллагъ жинда кинабго жо лъалев вуго.** Ва жинца гьабулеб жоялда жаниб хIикмат-пайда бугев, гьелъул маслахIат лъалев вуго.


**63. Дуца гьел мушриказда гьикъани МухIаммад ﷺ: щивха вугев жинца зодисан цIадги рештIине гьабун, гьелдалъун хвараб ракь чIаго гьабулев абун, гьез дуда абизе буго Аллагъ вуго абун. Дуца гьезда абе: кинабго рецц ва шукру Аллагъасе буго, жинца хIакъаб жо загьир гьабулев, инкарчагIиги мукIур гьарулев-абун. Гьел мушриказул гIемерисел жидер гIакъло гьечIел, жидеца пикру гьабуларел руго.** Гьел мукIурлъулел руго жал рижарав, жидее ризкъи кьолев хан цохIо Аллагъ вукIиналда, цингиги гьев Аллагъасда цадахъ ккун, яги Аллагъги живго тун цоги алагъзабазе буго жидеца лагълъи гьабулеб. Гьеб гьечIишха ахIмакълъиялъул гIорхъолъан ин?.

**64. Гьаб дунялалъул чIаголъи гьечIо гIададисеб махсаро-хвечI гIадаб жо гурони. ХIакъикъияб чIаголъи буго ахираталъул рукъ.** Жиб тIаса унареб, абадияб бугелъул гьеб ахираталъул рукъ. **Гьаб амру гьадин букIин гIадамазда лъалеб букIарабани** ва гьеб бичIчIулеб букIарабани, гьез жиб хIакъираб дунял тIаса бищизе букIинчIо ва абадияб ахират кIочон тезе букIинчIо.

**65. Аллагъасда инкар ккурал мушрикал гамида рекIун ралъадалда тIад ругеб мехалъ ва гьениб жидее хIинкъи-къварилъиги ккараб мехалъ, гьеб тIаса босеян абун, в**а гъанкъиялдаса цIуне абун **ахIи балеб буго цохIо Аллагъасда (عز وجل).** Гьезда лъалеб букIиналъ гьеб жо гьабизе кIолев цохIо Аллагъ (عز وجل) гуро гьечIеблъи. **Цинги Аллагъас гьеб къварилъиялдаса жал хвасар гьарун ракъдаде щвараб мехалъ цIидаса гьез Аллагъасде ширк гьабулеб буго.**

**66. Жидеца инкар ккве абе дир нигIматазда ва жидеца дагьабго мехалъ дунялалъул чIаголъиялдаса мунпагIат босе абе. Амма жидеда нахъа лъазе буго кинаб гучаб гIазаб дица гьезие гьабулебали.**

**67. Гьел Маккаялъул мушриказда бихьулеб гьечIищ ва лъалеб гьечIищ дица жидее Макка гьабун букIин жиндилъ божилъи бугеб шагьарлъун.** Жинда жаниб би гIодоб тIолареб, зулму гьабулареб, боцIи кодосан бахъулареб. **Гьезда сверухъ ругел гIарабиялги ругеб мехалъ цояз цоязе зулму гьабулел ва цояз цогидал чIвалел. ХIакъав Аллагъасул кIудиял нигIматазда инкарги ккун, батIулаб жоялда иманги лъун хъанчазе лагълъи гьабунищха гьел рукIинел?** Гьеб буго цIакъ ахIмакъаб иш.




**68. Жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIинев, Аллагъасда гIунтIизабун гьереси бицунев чиясдаса, жиндихъе бачIараб хIакъаб жоги гьереси гьабулев?** Хирияб Къуръанги гьереси гьабун жидеца хъанчие лагълъи гьабулел гIадамал руго цIакъ зулму кIудиял гIадамал. **Гьал гIадамазул руссунеб бакI жужахIалда жаниб гьечIишха?**

**69. Дун разилъи тIалаб гьабун ва дир дин тIадегIан гьабун жидеца жигьад гьабулел гIадамал дица тIоритIизе руго дун разилъи щолел нухазда.**

Гьеб жигьад гьаби жиндирго напсалдехун букIула, шайтIаналдаги букIула, Аллагъасул диналъул тушбабилъун ругел капурзабаздаги букIула.

Гьеб жигьад гьаби жиндир напсалдалъун букIула. Аллагъасул (عز وجل) диналъе гIоло, гьеб цIунун ва гьеб тIадегIан гьабун рухI бичи буго напсалдалъун жигьад гьаби. Жиндир боцIи-малалдалъунги, гIелмуялдалъунги, жиндир мацIалдалъунги букIула жигьад гьаби. Гьеб жигьадалъул бищун загIипаб макъам буго Аллагъ (عز وجل) разилъулареб жоялда ракIалъ инкар гьаби.

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жидеца лъикIлъи гьабулел гIадамалгун цадахъ вуго.** Гьезие квербакъулев ва гьезул хIажат тIубалев вуго.

Жидеца лъикIлъи гьабулел гIадамал руго жидеда лъараб лъикIаб жо цогидаздаги лъазабулел. Гьединго жидеца лъикIлъи гьабулел руго жидеда аман гьарун вачIарав чиясул хIажат тIубалел гIадамалги

**30. Сурату Рруми**

Маккаялда рештIизабураб, жинда жаниб лъабкъого аят бугеб.

**I. Алиф. Лам. Мим.** Аллагьасда лъала жиндир мурад гьал хIурупаздалъун бугеб.

**2. Румал къана ва гьезул аскарал риххизаруна,**

**3. Румазда гIагарда бугеб ракьалда. Амма гьел Румал Персаз жал къезарун хаду, Персаздаса бергьизе руго**


**4. дагьалго соназдаса:** лъабгоялдаса ичIгоялда щвезегIан гьоркьор ругел соназда жаниб. **ТIадегIанав Аллагьасул амру ва хIукму къадар буго гьел Румал бергьилелде цебе букIараб ва гьел бергьун хадуб бугеб жо. Гьел Румал Персаздаса бергьараб мехалъ муъминзабиги роххизе руго.** Румал къараб мехалъ мушрикал роххун рукIараб гIадин.

**5.** Гьеб къоялъ муъминзаби рохизе руго **Аллагьасул квербакъиялдалъун. Аллагьас квербакъула жиндие бокьарал гIадамазе. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жиндир гуч бергьарав ва жиндир гурхIел гIемерав хан.**

**6. Аллагьасул къотIи буго** муъминзабазе квербакъи гьабилин абураб. **Гьев Аллагь жиндир къотIуе хилиплъуларев вуго. Гьедин бугониги гIадамазул гIемерисел гьаб жо жидеда лъаларел руго.**

**7. Гьел гIадамазда лъалеб буго жидер дунялалъул чIаголъиялъе гьабизе кколеб гIамал ва гьелъул маслахIат.** Гьезда лъалеб буго жидер хур бекьулеб заман, гьеб бакIарулеб заман, даран-базар гьабулеб хIал, боцIи хьихьулеб къагIида ва цогидабги жидер магIишат-яшав гьабизе хIажатал ишал. **Ва амма гьел жидер ахираталъул амруялъулъ цIакъ гьапулго руго.** Гьез щибго пикру гьабулеб гьечIо ахираталъе гьабизе кколеб гIамалалъул.

Пахру Рази абулев гIалимас бицана: ТIадегIанав Аллагьас абуна: «гьел гIадамазда жидер дунялалъул чIаголъиялъул загьираб рахъ лъалеб бугоян»- абун. Гьелъул магIна буго: «Гьезда дунялалъул хIакъикъат лъалеб гьечIоян»- абураб. Гьезда лъалеб буго дунялалъул лазат, гьелъул нигIматал, гьениб бугеб рекIелгъей. Амма гьезда лъалеб гьечIо гьеб дунялалъул зарал, гьелъул хиянат, гьелъ гуккулеблъи. Гьезда лъалеб буго дунял жакъа букIин, амма гьезда лъалеб гьечIо дунял жиб паналъулеб букIин. Гьаб амру гьадин бугелъул,Аллагьас (عز وجل) инсан кантIизе бокьун, гьесие мисал бачун зобал-ракьал рижиялъул хабар бицунеб буго ва жинца абулеб буго:




**8. Гьел гIадамаз пикру гьабуларищ гьезул напсазазулъ ругел Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатазул. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) зобалги ракьги ва гьезда жаниб бугеб щинаб жоги бижичIо жинца хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун гурони.** ГIададаго бижун гьечIо, гьеб бижиялда жаниб хIикмат-пайда буго. **Ва гьеб кинабго жоялъе бихьизабураб заманги буго.**

Дунялалъул рокъобго жиндир ажал тIобалеб буго гIемерисеб жо. Ахирабги ажал къиямасеб къо чIезегIан буго. Гьеб къоялда щвезегIан цебехун букIараб жо жиндие ахир бугеб буго. Къиямасеб къо чIун хадуб нахъе хутIулеб жо абадиялъго жиб букIулеб буго. **ГIадамазул гIемерисел жидеца**

**ахираталда иман лъоларел, гьенир Аллагьасда (عز وجل) дандчIвазе рукIиналда** ва жидее хIисаб-мизан гьабизе букIиналда **инкар кколел руго**.

**9.** Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъоларел гIадамал **ракьалда тIад жидер сапаразулъ хьвадуларищ? Гьезда бихьуларищ кин ккараблъи жидеда церехун рукIарал, Аллагьасда (عز وجل) гIасилъарал къавмазул ахир, гьел къавмал гьал Маккаялъул муширказдаса къуватал рукIана. Гьез ракьалда тIад гIемер заманги бана, гIемерал шагьаралги гIуцIана.** Гьал муширкаца гьабуралдаса цIакъго гIемераб магIишат-яшавги гьабуна, бечелъи-хазинаги бакIарана. **Гьезухъеги авараргзаби рачIана баянал гIаламаталгун ва мугIжизаталгун.** Аллагьасда ва гьесул расуласда мутIигIлъичIеб мехалъ, жидеца ракьалда пасалъиги гьабураб мехалъ, Аллагьас (عز وجل) гьел гьалаг гьаруна.

**Аллагь гьечIо гьезие зулму гьабуравлъун. Гьел жалго рукIана жидерго напсазе зулму гьабулеллъун.** Жидер гIамалалда рекъараб жаза гьабуна Аллагьас гьезие гьеб жаза гьабиялда зулму гьаби абуларо. Гьез жидер напсал гIазаб гьабиялъе хIакъ гьаридалго, гьел гIадамал ккана жидеего зулму гьабураллъун.

**I0. Цинги гьал купру-ширкалда чIун Аллагьасда (عز وجل) гIасилъарал гIадамазул ахир букIана гьезие цIакъ квешаб гIазаб гьаби: жидеца Аллагьасул (عز وجل) аятал гьереси гьарулел ва махсароде гьарулел рукIиналъе гIоло.**

**II. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жинца кинабго жо авалалда бижарав ва гьеб бижи цIидасан гьабулевги. ЧIаго гьарун хадур нуж киналго Аллагьасде руссизарула** хIисаб-мизан ва жаза гьабизе.

**I2. Гьеб къиямасеб къо чIараб мехалъ** ва хIисаб-мизаналъе цереги рачараб мехалъ, **Аллагьасда (عز وجل) инкар ккун мунагьал гьарурал гIадамазул кIал-мацI багъаруларо,** гьезда кIалъазе кIоларо жидер гIамалалъе хIужа-далил бачун. **Гьезул хьулги къотIула жидеда гурхIел гьабиялдаса.**

**I3. Гьеб къоялъ жидеца лагъли гьабурал алагьзабаз гьезие шапагIатги гьабуларо. Жидеца ширк гьабурал ва жидедехун ширк гьабуралги гьеб къоялъ цо-цаздаса ратIалъула ва гьез цоцазде инкар ккола.**

**I4. Гьеб къиямасеб къо чIараб мехалъ муъминзабиги капурзабиги цоцаздаса ратIалъула.**

**I5. Аллагьасда (عز وجل) ва ахираталда иманги лъун, жидеда витIарав аварагасдаги ﷺ мутIигIлъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби алжаналъул нигIматазулъ рукIула.**


**I6. Аллагьасда инкар ккурал, дир тIахьалги ахираталда дида данде чIвайги гьереси гьабурал ва гьелда инкар ккурал гIадамал жужахIалъул гIазабалъулъ рукIизе руго.**

**I7. Нужеца Аллагь (عز وجل) вацIцIад гьаве ва тIадегIан гьаве,** муширказ гьесдехун гIунтIизарулел гьесие мукъсанлъи бугел сипатаздаса **радал тIад рахъараб мехалъги, къаси сордо бачIараб мехалъги.**

**I8. Гьев Аллагьасе (عز وجل) буго кинабго рецц ва шукру зобалазул агьлуялъул ва ракьалъул агьлуялъулги. Къаси сардилъ гьабе нужеца Аллагьасе тасбихI. Къалъул гIужалъги гьабе.** Гьаб кIиябго аяталъул магIна буго: нужеца кидаго Аллагь вацIцIад гьаве ва ТIадегIан гьаве. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго зобалазулги ракьалъулги агьлуялъ жиндие рецц гьабизе мустахIикъав ва жинца гIибадат гьабизе тавпикъ гьабулев.

**I9. Гьев Аллагь вуго жинца хвараб жоялдаса чIагояб жо гьабулев** капурчиясул муъминчи гьавулев. **Жинца чIагояб жоялдаса хвараб жоги гьабулев.** Муъминчиясул капурчиги гьавулев.

Жинца манидал къатIраялдаса инсан вижулев, гьев инсанасдаса къватIибе манидал къатIраги бачIизабулев. Мугьалдаса хур бижизабулев, хурги бижизабун, гьелдаса мугь гьабулев. **Жинца хун**



**букIараб ракь чIаго гьабулевги вуго Аллагь.** Бакъвараб, тIаде хур-хер гьечIеб ракьалда хур- хер бижизабулев. **Гьаб кинабго жо жинца бижулеб гIадин, Аллагьас нуж хун хадур тIадеги рахъизарула,** хIисаб-мизан ва жаза гьабизе.

**20.** Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда, гьев жинца жо бижулев ва жиндир къуват-гуч камилав вукIиналда тIоритIел гьабулеб **гIаламат буго, Аллагьас нуж ракьалдаса рижи**. Нужер тIоцевесев эмен Адам ракьалдаса вижун. **Цинги хадур нуж гIадамаллъун гьаруна цоял цояздаса рижулел ва тIиритIулел.**


Манидал къатIараялдаса бидул къотIел лъугьун, цинги гьанал къотIел лъугьун, цинги инсанасул сипат-сурат лъугьун. Гьелдасаги хадур кIудиял гIун гIакъло-лъай бугел лъугьун. Зобал-ракьалги инсанасе квегъун, Аллагьас (عز وجل) гьаб дунялалъул ханзабилъун ва халипабилъун гьарун.

**2I.** ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел **гIаламатаздаса буго гьес нужее руччаби рижун рукIин, нужерго жинсалдаса.** ХIава эбел йижана Адамил хьабалухъагIучIалдаса, цинги хадусеб насло гьел кIияздасаго бижана. **Нуж гьел руччабаздехун ракI парахалъун, гьелгун цадахъ хIал рекъон рукIизе.** Бихьинчиясе чIужулъун жундузул яги малаикзабазул гIадан гьаюн йикIарабани, гьел кIияздаго гьоркьоб камилаб хIал рекъей ва рокьа-хинлъи букIиларoан. КIиго батIияб аслуялдасан бижараб жоялъул хIал рекъей ва дандеккей камилаб букIизе рес гьечIо.

**Аллагьас (عز وجل) нужеда гьоркьоб цоцадехун гурхIел гьабуна ва рокьа-хинлъиги гьабуна.** Аллагьас инсанасул ракIелъ гьаб гурхIел ва рокьа-хинлъиги бижун букIинчIебани, цо жинсалдаса ругониги бихьинал ва ручаби цоцазда аскIор чIолел, рос-лъадилъун рукIулел рукIиларoан. **Гьаб рехсараб жоялъулъги Аллагьасул хIалкIолъиялда ва гьев жив цогояв Халикъ вукIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго, жидеца пикру гьабулел ва жидеда жо бичIулел гIадамазе.**

**22. Гьев Аллагьасул (عز وجل) гIаламатаздаса буго жинца зобал ракьал рижи ва нужер щибаб къокъаялъ бицулеб мацI батIияб гьаби, нужер кьер батIияб гьабиги. Гьаб рехсараб жоялъулъги руго гIаламатал жидеца Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел жидеда жо лъалел, жидер гIакъло пикру бугел гIадамазе.**

**23. Гьев Аллагьасул (عز وجل) гIаламатаздаса буго нуж сардилъги, къадги кьижулеллъун гьари.** Гьеб макьу букIинчIебани нужер чорхол сахлъи хвелаан, нужер тадбирги биххилаан. **Гьединго нуж ризкъи тIалаб гьабулеллъунги гьаруна Аллагьас (عز وجل). Гьаб рехсараб жоялъулъги тIоритIел гьаби буго Аллагьасул хIалкIолъиялда, жидеда жо рагIулел гIадамазе.**




**24.** Аллагьасул (عز وجل) хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел **гIаламатаздаса буго нужеда пири пирхи ва зоб гъугъай бихьизаби. Гьелдалъун нуж хIинкъизе гьарула нужее гIазаб гьабиялдаса, нуж роххизеги гьарула цIад бан нужее хур-хер бижилин абун. Аллагьас зодиса цIадги рештIизабула ва гьелдалъун жиб хвараблъун бугеб, бакъвараб ракь чIаго гьабула, хур-хер бижизабун. Гьаб рехсараб ишалъулъги буго Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал, жидер гIакъло бугел, жидеца пикру гьабулел ва гIибрат (гIакълу) босулел гIадамазе.**

**25. Гьев Аллагьасул (عز وجل) гIаламатаздаса буго гьал зобал-ракьал жидер гIадлу-низамалда даимго чIун рукIин, гьев Аллагьасул амруялдалъун, гьесул хIукму-къадаралдалъун. Цинги къиямасеб къоялъ нуж чIаго гьарун ракьулъан тIаде рахъаян ахIараб мехъалъ, нуж цIакъ хехго тIаде рахъулелги руго.** Гьеб буго Исрапил малаикас тIаде рахъизариялъе сур пулеб заман. Гьеб сур пураб мехалъ дунял бижаралдаса бай бихьун гьеб паналъизегIан рижарал киналго гIадамал тIаде рахъизарула ва гIарасат майданалда (махIшаралда) ракIарун гьенир чIезарула хIисаб-мизан гьабизе.

**26. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) мулк буго зобал-ракьалги, гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. Гьеб махлукъат Аллагьасе мутIигIаб, гьесие хIелун ва гьесдаса хIинкъун букIунебги буго.**

**27. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго жинца кинабго жо байбихьун бижулев, цинги ахираталдаги чIаго гьарун рижулев. Цин бижун букIараб жо кIиабизе бижи бигьаяб букIула Аллагьасе.**

ТIадегIанав Аллагьасе щибго батIалъи гьечIо авалалдаго бижиялдаги, хадуб цIидаса бижиялдаги гьоркьоб: Жиндир хIалтIи гьечIо, гьесда бихьулеб захIмат гьечIо. Жиндие цо жо гьабизе бокьарб мехалъ гьеб жо гьабун лъугьуна жиндие бокьиялдалъун. Гьеб гьабуларо гьесул лугби рагъарун Гьаб ргIи абуна нилъер гIакълоялда рекъезе гьабун, нилъеда бичIчIулеб мацIалъ.

**Гьев Аллагьасул тIадегIанал сипатал руго, зобал-ракьазул агьлоялъ гьесие гьарулел.** Гьесда релъгьараб щибго жо гьечIо, гьесие тIобараб сипат гьабизе инсанасда кIоларо. «Аллагь ТIадегIанав вуго, Аллагь вацIцIадав вуго, Аллагь гуч бергьарав вугоян»-сипат гьабула Аллагьасе, амма гьеб тIадегIанлъиялъул ва цогидал сипатазул гIорхъи чIезабизе кIоларо инсанасда. **Гьев Аллагь вуго жиндие бокьараб жо гьабизе къуват гуч бугев, жинца гьабулеб жоялда жаниб хIикмат-пайда букIулев.**

**28. Аллагьас (عز وجل) нужее мисал бачулеб буго нужерго напсазул мисал бачиялдалъун: нужер лагъзадеридаса нужее гIахьалчагIи ругишха, дица нужее кьураб ризкъи ва нигIматал нужеца гьезие бикьун кьолел. Гьеб ризкъи нужеца гьезулгун бащад гьабулел ва нуж гьездасаги хIинкъулел, цогиял хIуриял (узденал) гIадамаздаса хIинкъулеб хIалалъ.**

ГьечIо нужер лагъзал нужее гIахьалчагIилъун, гьездаса нужги хIинкъуларо, гьезие нужеца щибго жоги кьоларо. ТIадегIанав Аллагьасул (عز وجل) милк ва лагъзал руго кинабго махлукъ. Гьев Аллагьас живгун цадахъ жиндир лагъзал гIахьал гьарилишха, нужеца гьаруларе мехалъ?

**Гьадин мисал бачун дица баян гьарула дир аятал ва гIаламатал жидеда жо лъалел ва бичIулел гIадамазе**, гьез вагIза босизе ва гIакъло гьабизе.

**29.** Гьел мушриказе щибго гIилла ва гIузру гьечIо жидеца ширк гьабиялъе. **Гьел руго жидерго напсалъе бокьараб жоялда нахърилъгьун ругел гIадамал, жидеца гьабулеб жо щиб бугебцин жидедаги лъаларел.** Жидер умумуз гьабулеб батараб дин гьабулел руго гьелги. **Аллагьас жиндир къосиналда тарав чи тIовитIизе лъидаха кIолев? Гьел мушриказе квербакъулев чиги букIуларо Аллагьасул (عز وجل) гIазабалъе гьел хIакълъараб мехалъ.**

**30. Дуца дур напс цохIо Аллагьасе дин гьабиялде буссизабе ва гьелда тIад чIезабе.** Кинабго батIулаб динги жибго тун цохIо исламияб дин гьабе. **Исламияб дин буго Аллагьас (عز وجل) киналго гIадамал гьеб дин гьабизе кIолеллъун рижараб.** Гьелъул аслоги Аллагь цо гьави буго**. Гьеб Аллагьасул амруги жиб хисизабулареб буго.** Гьедин бугелъул нужеца Аллагь (عز وجل) цо гьаве ва исламияб диналда хьваде. Гьеб жиндилъ щибго захIмалъи гьечIеб амру буго. **Гьеб буго жиб битIараб ва хIакъаб дин. Гьедин бугониги гIадамазул гIемерисел гьеб амру жидеда лъаларел руго.**

**3I.** Гьеб исламияб диналда чIа нуж, **тавбо гьабун, тIагIат гIибадат бацIцIад гьабун, Аллагьасде (عز وجل) руссун ругеб хIалалъ. Нуж гьев Аллагьасда гIасилъизеги хIинкъа, паризаяб какги бай ва нуж рукIунге жидеца ширк гьабулел гIадамаздаса.**

**32.** Щал гьел мушрикал абуни: **ХIакъаб исламияб динги тун, батIи-батIиял къокъаби гьарурал, дин бикьизабурал гIадамал руго гьел.** ШайтIаналъ гуккарал, жидер гьава-напсалда нахърилъгьарал. **Щибаб къокъа жидеца гьабулеб диналдалъун роххунги рукIунел руго.** Щибаб жамагIат ва щибаб къокъа жидеца гьабулеб дин гурони къабул гьабуларел руго.


**33. ГIадамазда цо къварилъи щвараб мехалъ гьез Аллагьасда балеб буго ахIи, гьесие хIелун ва гьесда хьуллъун. Цинги гьеб къварилъиги тIаса ун жидее нигIматал кьураб мехалъ, гьел гIадамазул цо къокъаялъ Аллагьасде ширк гьабулеб буго.**

Гьал мушриказе хIинкъи кьун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**34. Гьез дир нигIматазда инкар ккве абе ва дунялалъул дагьабго заманаялъ мунпагIатги босе абе. Нужеда нахъа лъазе буго нужеца гьабураб ширкалъул кинаб гIазаб ва къварилъи нужеда щолеблъи.**

ИбнухатIибица абуна: гьел гIадамал рижарав Аллагьги (عز وجل) вукIаго, гьез гIибадат Аллагьас бижараб махлукъалъе гьабулеб буго. Гьезие нигIматал Аллагьас кьолел руго, гьез шукру Аллагь гуреб жоялъе гьабулеб буго. Гьеб ширк абулеб жо гIемер батIияб хIалалъ загьирлъулеб жо буго ва гьелъие гIорхъи чIвазеги захIмат буго.

Аллагъ гуреб жоялъе лагъалъи гьаби бищунго кIудияб ширк буго. Гьелдаса хадуб ширкалъул гIемерал тайпаби руго, инсан гьезда кантIичIого вукIине бегьулел. Масала: тушманасда тIад рагъулъ бергьенлъи босараб мехалъ ва гьеб бергьенлъи жидер къуваталдалъун щванин абун ракIалда ккани,- гьеб жо ширк буго. Аллагьасул квербакъиялдалъун гурони бергьенлъи букIуларо. Даранчиясе хайир лъугьани ва гьеб хайир жиндир махшелалдалъун лъугьанин абун ракIалде ккани, гьебги ширк буго, жиндие ризкъи кьурав Аллагьасде гьабураб.




**35. Гьел мушриказда Аллагьасул рахъалъан хIужжа-далил рештIунищ бугеб, гьез гьабулеб ширк битIараб дин бугилан жинца бицунеб?**

**36. Дица гIадамазе лъикIлъи гьабураб мехалъ**: нигIматал кьун, сахлъи кьун, **гьел роххулел руго. Гьез гьабураб квешаб гIамал сабаблъун жидеда цо къварилъи щвараб мехалъ гьезул хьул къотIулеб буго Аллагьасул рахIматалдаса.**

**37. Гьел мушриказда лъаларогойищ бугеб ТIадегIанав Аллагъ вукIин жинца нигIматал кьолев. Жиндие бокьарасе гIемер гьарун гIатIид гьарун кьола, жиндие бокьарасе къварид гьарун кьола. Гьаб цебе бицараб жоялда жанибги жидеца иман лъолел гIадамазе аятал руго, жидеца Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел.**

**38. Дуца дур гIагарав чиясе кьезе кколеб хIакъ кье!** Гьесие лъикIлъи гьабе, гьесдехун гурхIел гьабе ва хIал рекъезабе. **Гьединго дуца хIакъ кье мискинчиясеги, сапаралда вугев чиясеги. Гьаб гIамал буго жидее Аллагъ разилъи бокьарал гIадамазе лъикIаб, ва гьел руго жидер лъикIлъиялда квершел батулелги.**

**39. Нужеца риба босизелъун гIадамазухъе кьолеб жо ва гьелдалъун нужер боцIи-мал гIемерлъиялда хьулги лъолеб,- гьеб жо Аллагьасда (عز وجل) аскIоб жиб гIемерлъулеб ва лъикIаб гьечIо.** Гьеб буго хъубаб боцIи, гьелъулъ Аллагьас баракат гьабуларо. **Нужеца закат бахъун, Аллагъ (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун кьолеб ва садакъаде кьолеб боцIи буго лъикIаб. Гьал гIадамал руго жидее ажро-кири цIикIкIизабулел ва жидеда Аллагъ разилъулел.**


**40. ТIадегIанав Аллагъ вуго жинца нуж рижарав, цинги нужее ризкъиги кьолев. Хадур нуж хвезеги гьарула Аллагьас, ахираталда чIаго гьарун тIадеги рахъизарула. Нужеца жидее лагъалъи гьабулел алагьзабазул цонигияв вугишха гьал рехсарал ишазул цониги жо жинда гьабизе кIолев?** ГьечIо гьеб жо гьабизе кIолев щивниги чи**. Жив ТIадегIанав ва вацIцIадав вуго Аллагъ (عز وجل) гьел мушрикаца жинда гIунтIизе гьарулел сипатаздаса.**

**4I. ГIадамаз гьарулел гIасилъаби ва зулму гIемерлъиялдалъун ракьалдаги ралъдадаги пасалъи ва гIазаб загьирлъана,- гьел гIадамазда чIамизабизе гьез гьарурал гIасилъабазул цо-цо жаза. Гьел кантIизе бокьун ва квешаб гIамал гьаби тун, лъикIаб гIамал гьабиялда гьел руссизе бокьун.**

Ибнукасирица абуна: цIцIад къотIиги ах-хур бижунгутIиги гIадамазул гIасилъи цIикIиналдалъун букIуна. Зобал-ракьазул амру лъикIлъула ракьалда ругел гIадамал Аллагьасе мутIигIлъараб мехалъ-абун.

**42. Дуца Маккаялъул мушриказда абе МухIаммад ﷺ: нуж ракьалда тIад хьваде ва нужеца пикру гьабе нужеда цере рукIарал умматазул ахир кинабдай кканаян-абун.** Аллагьас гьел гьалаг гьаруна. **Гьел умматазул гIемерисел жидеца Аллагьасде ширк гьабулел рукIана.**

**43. Дуца дур гьумер ва черх чIезабе МухIаммад ﷺ, Аллагьасе гьабизе хIакъаб исламияб дин гьабиялда, жиндие нахъбуссин гьечIеб, жиндир хIинкъи кIудияб къиямасеб къо бачIилелде цебе. Гьеб къоялъ гIадамал кIийиде рикьун рукIула:** цо къокъа алжаналда уна, цогияб къокъа жужахIалда уна.




**44. Аллагьасда (عز وجل) инкар ккурал гIадамазе гьеб инкаралъул гIазаб ва балагь жидеего букIизе буго. Иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел гIадамал, ахираталда жидее лъикIаб рукъ къачIалел гIадамал руго.**

**45. Гьел муъминзабазе ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) лъикIаб жаза гьабизе буго жиндир цIобрахIматалдалъун. Гьесие рокьуларо жидеца Аллагьасдаги ахираталдаги инкар кколел гIадамал.**

**46. ТIадегIанав Аллагьасул гIаламатаздаса буго гьес гьурал ритIиги: жидеца цIад баялдалъун ва хур-хер бижиялдалъун рохел бицулел. Гьелдалъун жинца нужее рахIматлъун бугеб цIадги кьезе.** хвараб ракь чIаголъулеб ва гIадамазе нигIматалги рижунеб. **Гьеб гьуриялдалъун ралъдада гумулги хьвадизаризе жиндир амруялдалъун. Нужеца сапаралда ун Аллагьасул ризкъи тIалаб гьабизе. Ва Аллагьасул гIемерал ва кIудиял нигIматазда данде гьесие шукруги гьабизе.**

**47. Дица дудаса цереги жидер къавмазда аварагзаби ритIана МухIаммад ﷺ. Гьел расулал гьезухъе баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун рачIана. Гьез дир аварагзаби гьереси гьарураб мехалъ, дица гьел капурзабадаса рецIел босана. Дида рекъарабги буго дица муъминзабазе квербакъи гьабизе.** Ва дида инкар ккурал гIадамаздаса рецIел босизе.

**48. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго** нужер БетIергьан ва нужеца жиндие лагълъи гьабизе тIадав хан, **Жинца гьурал ритIулев, гьел гьураздалъун накIкIалги хьвадизарулев. Гьел накIкIалги зобалазда жиндиего бокьараб хIалалъ ва бокьараб бакIалда тIиритIизарулев. Гьел тIутIурал къотIелаллъунги гьарулев. Цинги дуда бихьула гьел накIкIазда гьоркьоса чвахун балеб цIад.**

**Аллагьасе (عز وجل) бакьарал гIадамазул цо къокъаялда гьеб цIад щвараб мехалъ, дуда гьелги рихьула жал цIакъ роххараллъун.**


**49. Гьел гIадамал жидеда цIад балелде цереккун гьеб цIад баялдаса хьул къотIун рукIана.** ЦIад бачIого гIемер замана ун букIун.

**50. Мун валагьеха, я гьав гIакъло бугев инсан,** пикру гьабиялъул валагьиялдалъун: **гьеб цIад баялдалъун загьирлъулеб Аллагьасул рахIматалъул асаралда. Кин гьелъ хун, бакъван букIараб ракь чIаго гьабулеб бугеб абун. ХIакълъунго, гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинца хварал гIадамал чIаго гьарулевги.** Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи гIамлъарав. Гьев гIажиз гьавулеб щибго жо гьечIо.

==========

Цо-цо гIалимзабаз фатва (изно) кьуна гьел килисаялда (церковь) унел ругони, гьел херлъун, кIодолъунги ругони, гьезие квербакъи гьабизе ккелин калисаялда гьел щвезаризеги, гьениса рукъор рачизеги абун. Цояз абуна килисаялде щвезаризе бегьиларин, гьениса рокъор рачизе ккелин абун.

Гьаб заманаялъ жиндир кIвар цIикIараб масъала буго гьаб. Лъимал исламияб диналда рачIунеб, эбел-эмен купру-ширкалда чIолеб заман бугелъул. Цо-цо гIелму дагьал гIалимзабаз гIолохъабазе фатва (изну) кьолеб буго эбел-инсуе мутIигIлъичIого рукIине, гьез балъгояб (гьитIинаб) ширк гьабулеб бугониги, гьез мунагьал гьарулел ругониги, гьел эбел-эменги бусурбабилъунги ругеб хIалалъ. Гьаб фатва битIараб гьечIо. Эбел-инсуе къварилъи гьабизе бегьуларо. Гьел берцинго битIараб исламияб диналда ахIизе ккола. Гьедин рачIулел гьечIони, гьезие гьабизе тIадаб лъикIлъиги гьабун жидерго хIалалда тезе ккола, гьез Аллагьасе гIибадат гьабизе лъимал гьукъулел гьечIебгIан мехалъ. Гьедин гIибадат гьабизе гьукъун гьезда аскIор чIезе бегьулареб хIал лъугьани, гьездаса ватIалъун жиндие гIибадат гьабизе рес бугеб бакIалда ине ккела.




**5I. Дица гьезул хур-хералда тIаде гьелъие зарал гьабулеб гьури биччан букIарабани ва гьезда лъилъизе мех щвараб хур тIогьиллъун, бакъван унеблъун бихьарабани, цингиги гьез инкар кквезе букIана Аллагьас жидее кьун рукIарал нигIматазда.** Гьел капурал гIадамазул гIамал буго гьезие лъикIлъи гьабуни жал роххулеб, щукру гьабулареб роххиялдалъун. Жидеда къварилъи бачIани пашманлъулеб ва жидее кьун рукIарал киналго нигIматалги кIочолеб.

**52. Дуда кIоларо МухIаммад ﷺ, хварал гIадамазда жо ргIизабизе. Гьединго дуда кIоларо гIинкъав чиясда ргIизабизеги гьев чи дуда мугъ бан чIараб мехалъ.**

**53. Мун гьечIо МухIаммад ﷺ, беццав чи тIовитIизе кIолевлъунги, гьев жиндир къосиялъулъ вугеб мехалъ. Дуе ргIизабизе кIоларо дир аятазда иман лъурал муъминзабада гурони, Аллагьасул амруялда нахърилъулъун гьесие мутIигIаллъун ругел.**

Гьал аятазда жанир тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) капурзаби релъулъизаруна хварал, беццал, гIанкъал гIадамазда: гьез Къуръаналъул вагIза босун гутIиялъ ва гьезие аварагасул дагIваталъ асар гьабунгутIиялъги.

**54. Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан,** нужеца жиндие лагълъи гьабизе тIадав: **нуж цIакъ загIипаб жоялдаса рижарав:** манидал къатIраялдаса. Цинги эбелалъул чохьониб загIипаб лъимер букIун, хадубги жиндир щибго гьунар гьечIеб гьитIинаб лъимерлъун букIун. **Цинги Аллагьас (عز وجل) гьеб загIиплъиялда хадуб къуват гьабуна:** гIолохъанлъиялда вахизавуна. **Цинги гьеб къуваталда хадубги загIиплъи ва херлъи гьабуна. Аллагьас жиндие бокьараб жо бижула ва гьев Аллагь жинда кинабго жо лъалев, кинабго жоялда хIал кIолев вуго.**

**55. Къиямасеб къо чIун гIадамал тIаде рахъизарураб мехалъ капурал гIадамал гьа гьедун кIалъала жидеца дунялалда цIакъ дагьаб заман гурони бачIин абун.** Гьеб къиямасеб къоялъул хIинкъи тIаде бачIиндал, гьелда хадуб букIунеб абадияб гIазабги лъадал, гьел капурзабада дунялалда бараб заман цIакъ дагьаб жо букIин лъала. Цоги гIалимзабаца абуна гьезда кIочолин жидеца дунялалда бараб заман абун. **Гьединго дунялалдаги капурзаби хIакъаб жоялдаса батIулаб жоялде унел рукIана. БитIараб жо тун гьереси тIаса бищулел рукIана.**

**56. Жидее гIелму-лъай кьурал ва жал иманалда тIоритIарал гIадамаз абула: нуж дунялалда рукIана Аллагьас (عز وجل) нужее бихьизабураб ажал тIубазегIан, цинги хун хадур тIаде рахъизаризегIанги.** Гьаб буго халкъ тIаде бахъизабун гьезул хIисаб-мизан гьабулеб къо, **ва амма нуж гьеб къо бачIизе букIин лъаларел рукIана:** гьелда иман лъечIого инкар ккун чIарал рукIана.

**57. Гьеб къоялъ дунялалда жидерго напсазе зулму гьабун хьвадарал гIадамаз гIузру бачиялъ гьезие щибго мунпагIат гьабуларо. Гьезда «тавбо гьабе, Аллагь рази гьаве» абунги абуларо.** Гьеб буго жаза гьабулеб къо, гьеб къоялъ гьабураб гIамал къабул гьабуларо.

**58. ХIакълъунго гьаб Къуръаналда жанир дица гIадамазе мисалал рачана кинабго жояльe ва щибаб мисал бачун вагIза-насихIатги гьабуна. Гьел мушрикаца тIалаб гьабулеб мугIжизатги бачун мун вачIун вукIараваниги, гьез абизе букIана нуж ругин батIулаб жо гьабулел гIадамал абун.** СихIро гьабулел, ниж гуккулел гIадамал руго нужан абизе букIана. Гьезул хIал хъублъи ва инкар кквей гучаб буго, гьезул муъминзабадехун бугеб тушманлъиги гIорхъолъан араб буго.


**59. Гьадин мугьру чIвала Аллагьас (عز وجل) жидеда хIакъаб жо лъаларел капурзабазул ракIазда.** Гьезул рекIелъ иман лъугьуларо, гьезда Аллагьги лъаларо.

**60. Гьел мушриказ дуе гьабулеб къварилъиялда ва гьел Аллагь (عز وجل) цо гьавиялда ахIиялда дуца сабро гьабе МухIаммад ﷺ. Дуе квербакъи гьабизе буго абураб Аллагьасул къотIи хIакъаб**

**къотIи буго.** Гьеб щибго шаклъи гьечIеб иш буго. **Гьел иман лъечIел гIадамаз бицулеб жоялъ мун загIип гьавуге ва дуца ракIги къварид гьабуге** гьез иман лъечIин абун.

***Аллагьасул квер бакъиялдалъун сурату Рр-умалъул тапсир ва таржама хъван тIубана.***

Кинабго рецц ва шукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.




**3I. Сурату Лукъман**

Маккаяда рештIинабураб, жинда жаниб лъебералда ункъго аят бугеб.

**I. Алиф. Лам. Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIурупаздалъун щиб мурад бугеб.

**2. Гьал руго жиб пасихIаб, жиндир хIукму баянаб Къуръаналъул аятал.**

**3. Аллагьасда (عز وجل) иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе рахIматлъун ва гьел тIоритIулеблъунги буго.**

**4. Жидеца паризаял какал камил гьарун ралел, паризаяб закатги кьолел, жидеца ахираталда якъинго, щибго шаклъи гьечIого иманги лъолел;**

**5. Гьал сипатал жидее ругел муъминзаби руго Аллагьас хIакъаб диналда ва битIараб нухда тIоритIарал гIадамал. Ва гьал муъминзаби руго жидер дунялалъулги ахираталъулги лъикIлъиялда квершел батулел,** бахьибугел гIадамал.

**6. Мушириказдаса цо гIадамал руго жидеца дунялалъул махсаро-кеп бичун босулел, гьелдалъун Аллагьасул (عز وجل) диналдаса гIадамал къосизаризе ва жидее щибго хIужа-далилги гьечIел,** гьез гьабулеб гIамал ритIухъ гьабизе**. Жидеца Къуръаналъул аяталги махсароде гьарулел,** гьезда тIад релъанхъулел. **Гьел гIадамал руго жидее ахираталда цIакъ гIодорегIан гьарулеб гIазаб букIине бугел.**

**7. Гьесие дир Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ, чIухIун мугъ балев, жинда гьеб Къуръан рагIулебго гьечIеб гIадин ва жиндир гIундузда жаниб гIинкълъи бугел гIадин. Дуца гьесда рохел бице МухIаммад ﷺ дуе жинца унтизабулеб гIазаб букIине бугин абун.**

Гьаб кIиго аят (6-7 аят) рештIизабиялъе сабаб бицана: Назар бину ХIарис абулев мушрикас лагъзал ричун росулел рукIана. Исламияб дин босарав яги гьеб бокьарав лагъ жиндихъе ккараб мехалъ, Назар унев вукIана гьевги вачун жиндир кечI ахIулей, жа гьекъолей гъарабашалъухъе ва гьелда абулеб букIана: дуца гьав чиясда жа гьекъезабе, гьесие квенги кье, кечIги ахIе-абун. Дов лагъасдаги абулаан: гьаб жо дуе лъикI буго мун МухIаммадица жинда ахIулеб диналдаса ва гьесда цеве мун рагъда вагъулев вукIиналдасагиян-абун.

Гьаб аяталда жаниб жиндир бицен гьабураб «лагъво» абураб жоялдаса мурад буго кинабниги Аллагь рехсеялдаса жинца машгъул гьарулеб жо: кагъат хIай, шахматал хIай, азарт бугел хIаял гьари, гIададисеб хабар бицун релъун-рохун рукIин. Гьаб заманаялъул балагьлъун лъугьараб жо буго телевизоралда балагьун рукIин, торгIо хIай, гугари гIадал къецазда балагьизе хьвади.

«Лагьво» абулеб жоялъул бищунго кIудияб буго зурма-къали ва цогидал алатал хIалтIизарун макънал рачи, гьеб мажлисалда гIахьаллъи, гьенир бихьинал ва руччаби цоцалъ журан кьурдун, кечI ахIун рукIин. Гьаб буго цIакъ кIудияб мунагьазда гьоркьоб рикIкIараб лагьво. Гьаб иш гьабулел гIадамазул рекIелъ иман букIуларо, гьел рукIуна мунапикъзаби, щай абуни гьез чанго батIияб кIудияб мунагь гьабулеб буго ва щибго Аллагьасдаса ничги гьезие гьечIо.


**8. Аллагьасда (عز وجل) иманги лъурал, лъикIаб гIамалги гьабурал гIадамазе ахираталъул рукъоб нигIматазул алжанал руго.**

**9. Алжаналда гьел лъугьизарула даимго рукIинелъун. Аллагьасул хIакъаб къотIи буго гьеб. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жиндир гуч бергьарав, жив хIакимияв хан.**

**I0. Аллагьас зобал рижана,** гьел жинца тIаде рорхунги чIезаруна **жал кколел хIубалги гьечIого. Жинца ракьалда тIаде рорхатал мугIрулги гьаруна нуж гьеб ракьгун цадахъ цохIалалда чIун рукIине. Гьеб ракьалда тIад гIемер батIиял рухIчIаголъабиги тIиритIизаруна. Дица нужее зобалаздаса цIадги базабуна,** гьелдалъун нужее чIаголъи бугеб. **Гьеб цIадалдалъун ракьалда тIад бижизабуна батIи-батIияб тайпаялъул хур-хер, пихъ ва бахча, - жиб хирияб,** жиндир тIагIам лазатаб.

**II. Гьаб цебе бицараб жо буго ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) бижараб. Гьанже нужеца бихьизабеха дида, щиб жо бижараб нужер алагьзабаца!** Щибго жо бижичIо гьез. **Аллагьасда иман лъечIого, хъанчие лагълъи гьабун жидеца напсазе зулму гьабурал гIадамал загьираб ва баянаб къосиналъулъ руго.**

**I2. ХIакълъунго дица Лукъмание гIелму ва хIикмат кьуна.** ХIикмат буго гIелмугун цадахъ камилаб гIакъло букIин, бицунебги гьабулебги жо мухIканаб ва тадбир бугеб букIин.




Дица гьев Лукъманидаги абуна: **дуца Аллагьасе (عز وجل) шукру гьабе** дуе кьурал кIудиял нигIматазда данде. **Жинца Аллагьасе щукру гьабулев чи жиндирго напсалъе шукру гьабулев вуго:** гьелъул ажро жиндиего буго. **Аллагьасдаги гьесул нигIматаздаги инкар ккурав чи** жиндирго напсалъе квешлъи гьабурав вуго. **ТIадегIанав Аллагь жинца гIейи гьабулев вуго гIадамазул шукруялдаса.** Гьев щибго жоялда хIажатав гьечIо. **Жив вещцарав, кинабго рещцалъе мустахIикъавги вуго.**

**I3. Васасе вагIза гьабулевлъун вугеб мехалъ Лукъманица васасда абураб гIуж бице МухIаммад ﷺ дуца умматалъе вагIзалъун: «Я дир вас! Дуца гIибадат гьабе цохIо Аллагьасе (عز وجل) ва дуца гьев Аллагьасде щибго жо гIахьал гьабуге. ХIакълъунго ширк гьаби цIакъ кIудияб зулму буго»-абун.**

**I4. Дица инсанасда васият гьабуна, гьес эбел-инсуе лъикIлъи гьабеян абун.** Гьеб лъикIлъи гьабизе цIакъго мустахIикъай йиго эбел. **Эбелалъ гьев инсан чохьонив ваччана, щибаб къоялъ жиндир черхги загIиплъулаго, захIмалъиги цIикIулаго, гьеб лъимер гьабизегIан. Гьеб лъимер хахизабун кIиго сон тIобараб мехалъ карандаса тIезеги гьавуна. Дица гьев инсанасда абуна дуца дие шукру гьабеян дуе кьурал кIудиял нигIматазда.** Гьезул бищунго кIудияб буго иман-исламалда тIовитIи. **Дур эебел инсуеги шукру гьабе** гьез мун хьихьун, тарбиги гьабун кIудияв гIезавиялда. **Ахир нуж киназулго руссин дида буго.**

**I5. Гьел эбел-инсуца дуда хIал гьабун, дидехун щибниги жо ширк гьабеян абуни, гьедин ширк гьабиялъе щибго хIужжаги гьечIеб,-мун гьел эбел-инсуе мутIигIлъуге ва дуца ширк гьабуге!** Аллагьасде гIасилъизе бегьуларо гьесул махлукъ рази гьабизе гIоло. **Гьездехун дунялалъул рукъоб гьалмагълъи гьабе гьезие къварилъи гьабичIого.** Эбел-эмен капурал ругониги, гьез лъимералъе тарбия гьабулаго гIемераб къварилъи баччун бугелъул, гьез жиндие гьабураб лъикIлъиялда данде гьезие квешлъи гьабулевлъун вукIине бегьуларо инсан. **Мун нахъвилълъа** ва мун цадахъ чIа **жидеца иманги лъун Аллагь (عز وجل) цо гьавун, гьесие тIагIат-гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзабада. Ахираталда нуж киналго дида руссинаризе руго, гьениб дица баянги гьабизе буго нужеца гьабулеб букIараб гIамал** ва гьелда рекъараб жазаги гьабизе буго.

**I6. Я дир вас** абулеб буго Лукъманица**: дуда лъай гьеб Аллагьасде гIасилъи ва мунагь-хатIа** кигIанго гьитIинаб жо бугониги**, цо хардалалъул мугь гIадаб жо бугониги, цинги гьеб гIасилъи щулияб кьуроялда жаниб лъун бахчун бугониги, яги зобалазда бугониги, яги ракьалда тIад щиб бакIалда бугониги, гьеб гIасилъи Аллагьас (عز وجل) къиямасеб къоялъ цебе бачIизе буго** ва гьелда рекъараб жазаги гьабизе буго. **ХIакълъунго Аллагь вуго жив лагъзадерида цIакъ гурхIулев ва гьезул киналго умурал жинда лъалев.**


Аяталъул магIна буго: Аллагьасда балъго хутIилин ракIалда ккун квешлъи гьабизе бегьуларо, Аллагьасда (عز وجل) щибго жо балъго хутIуларо.

**I7. Я дир вас! Дуца Аллагьасе как бай**, жиндир хIукъукъал тIабан ва Аллагьасе хIелун. **Дуца лъикIаб жоялдалъун амруги гьабе, квешаб жо гьабугеян абун нагьюги гьабе. Гьеб амру-нагью гьабулаго ва Аллагьасе дин гьабулаго дуда щвараб къварилъиялда сабруги гьабе.**

Аллагьасул (عز وجل) диналда гIадамал ахIулел муъминзабада къварилъи бачIин, гьезие квал-квал гьаби ва зулму гьаби гIадатияб жо буго. Гьелда сабру гьабиялдалъун гьев муъминчиясул ажроги цIикIкIула. **Гьал церехун рицарал лъикIал гIамалал гьари ва тIаде бачIараб къварилъиялда сабро гьабиги бищунго кIвар бугел, жал гьаризе тIадал умурал руго.**

**I8. Дуца гIадамал гIодорегIан гьарун гьездаса гьумер бусизабуге. Мун ракьалда тIад чIухIараб рилъгьен гьабунги хьвадуге. ХIакъгьунго Аллагьасе (عز وجل) вокьуларо жиндир гIамал кIудияв жив чIухIарав чи.** ГIадамаздаса живго лъикIавлъун вихьунев, жинца гIадамал гIодорегIан гьарулев.

**I9. Дуца рилъгьенги гьоркьохъеб хIалалда гьабе. Дуца дур гьаракьги гIодобгIан гьабе.** ГIакъилав чиясда рекъоларо гьаракь борхун ахIдолевлъун вукIине. **Аллагьасда (عز وجل) аскIоб бищунго рихараб гьаракь буго хIама гьагIулеб гьаракь.** Гьеб гьаракьалъул авал борхатаб, гучаб гIергIеди букIуна, гьелъул ахирги захIматго хIухьел цIалеб гъургъуди букIуна. Цим бахъун ахIдолев чиясул мисалги хIамил гьагIиялда релъгьун букIуна.




**20. Нужеда бихьуларищ, я гьал гIакъло бугел гIадамал, Аллагьас (عز وجل) нужее квегъун букIин зобалаздаги ракьалдаги жаниб ва гьоркьоб бугеб кинабго махлукъат. Аллагьас (عز وجل) нужее загьиралги батIиналги нигIматалги цIакъго гIатIид гьарун кьун руго.** Иман-ислам кьун буго, бихьи-рагIи кьун буго. ГIелму-гIакъло ва бичIчIи кьун буго. Гьаб амру гьадин букIингун цадахъ **гIадамаздаса цо къокъа буго жидеца Аллагьасде дагIба гьабулел, жидее щибго хIужа-далил гьечIого, жидехъе рештIараб тIехьги гьечIого, жал тIоритIулев аварагги гьечIого.**

**2I. Гьел гIадамазда абураб мехалъ нуж нахърилъгьайин Аллагьас (عز وجل) рештIизабураб Къуръаналда, гьез абулеб буго: «Ниж нахърилъгьизе руго нижер умумуца гьабулеб батараб диналда»-абун.** Гьел умумул къосараллъун рукIанигийищха жал гьезул диналда нахърилъгьулел? Хъанчие лагълъи гьабулел мушрикал руго гьезул умумул. **ШайтIаналъ жал ахIулел ругонигийщ жужахIалъул цIадул гIазаб жидее букIунеб гIамал гьабиялде?.**

**22. ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) мутIигIлъун жив гьесдехун вуссарав чи, аварагасда ﷺ нахъвилъгьун лъикIаб гIамалги гьабулев, гьев чи вуго жинца цIакъ щулияб рохьен (квар) ккурав чи.** Гьеб рохьенги Аллагьасда бугеб божи, гьесда тIамураб таваккал буго.

Аллагьасул амру-нагьюги тIубан, аварагасул суннатги тIубан жив хьвадараб мехалъ гьев инсанас Аллагьасул рохьен ккун букIула. Жинда тIад къараб жоги тIубан, гьелда данде Аллагьас (عز وجل) ажро гьабиялда валагьун вукIуна гьев чи. ТIадегIанав Аллагь жинца ажро гьабулезул бищунго лъикIав вуго ва гьесде божарав чиги гIадада холаро. **Киналго умуразул ахир ва хIасил ТIадегIанав Аллагьасде буссулеб буго.** Щивав инсанасе жазаги Аллагьас (عز وجل) гьабизе буго.

**23. Аллагьасда ва Къуръаналда инкар ккурав чиясул купруялъ мун пашман гьавуге МухIаммад ﷺ!** Гьесул купруялъул жаза гьесие букIина. **Гьел киналго дида руссинаризе руго ва дица гьезда бицине буго жидеца дунялалда гьабураб гIамал** ва гьелда рекъараб жазаги гьабизе буго. **ХIакъгьунго Аллагь (عز وجل) ракIалда жаниб бугеб пикруги жинда лъалев вуго.**

**24. Дица гьезие дунялалда дагьабго заманаялъ нигIматал кьела, цинги ахираталда гьезие жужахIалъул къвакIараб гIазаб гьабила.**

**25. Гьел мушриказда дуца гьикъани МухIаммад ﷺ гьал зобал ракьал рижарав щив вугев абун. Гьез дуда абизе буго Аллагь (عز وجل) вуго абун.** Гьезул цоги жаваб кьезе рес гьечIо. **Дуца абе: «АлхIамдулиллагь, кинабго рецц Аллагьасе буго»,** Аллагь цо вукIиналъул ва гьев жинца кинабго жо бижулев вукIиналъул хIужжа нужее мухIканлъун бугелъул, кигIанго нужеца гьев Аллагьасдехун ширк гьабулеб бугониги. **Гьел мушриказул гIемерисел жидеца пикру гьабуларел ва жидеда Аллагь (عز وجل) лъаларел руго.**


**26. ТIадегIанав Аллагьасул мулк буго зобал ракьалги гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги. гьев Аллагь (عز وجل) вуго жив щибго жоялда хIажат гьечIев ва жив вещцарав вуго** гьесул ишазулъ ва гьес халкъалъе кьолел кIудиял нигIматаздалъун.

**27. Гьаб дунялалда ругел киналго гъутIбузул къаламалги гьарун, гьаб дунялалда ругел ралъадал анкьго нухалъ цIикIизарун, гьелъул шакъиги гьабун хъваниги Алагьасул (عز وجل) калимаби ва гьесул нигIматал хъван тIубаларо.** КигIан гIемер ругониги гъутIби тIагIула, ралъадалги ракъвала ва амма Аллагьасул калимаби ва гьесул нигIматал жидее ахир гьечIел, жал лъугьуларел, тIагIуларел руго. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жиндир гуч бергьарав вуго, жиндир пишаби хIакимиявги вуго.**

**28. ТIадегIанав Аллагьасе нуж киналго рижизариги ва хун хадур нуж киналго тIаде рахъизариги цохIо напс бижи гIадин буго.** Гьеб цо напс бижизеги Аллагьасе (عز وجل) щибго захIмалъи букIуларо, кинабго гIалам бижизеги Аллагьасе гьебго хIал буго. **ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо ргIулев ва кинабго жо бихьулев вуго.**

==========

Абугьурайратидаса (ра) бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана алжаналда жанир гIадамал лъугьизарулел гIамалаздаса. Аварагас ﷺ абуна: *«Аллагьасдаса хIинкъиялъ ва тIабигIат берцинлъиялъ лъугьизарула гIемерисел гIадамал алжаналда»-абун. Цинги аварагасда ﷺ гьикъана жужахIалда жанир гIадамал лъугьизарулеб жоялдаса. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «КIиго гьодорлъиялъ лъугьизарула жужахIалда: кIалалъги гIавраталъги»*-абун.




**29. Дуда бихьуларищ ва лъаларищ, я гьав инсан, ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIин жинца сордо къоялда жаниб лъугьинабулев ва къо сордоялда жаниб** лъугьинабулев. Жинца бакъги моцIги квегъарав. Гьеб кIиябго хьвадула жидее бихьизабураб нухда**са, жидее бихьизабураб заман щвезегIан. Нужеда лъаларищ ТIадегIанав Аллагь вукIин нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда лъалев** ва гьелда рекъараб жаза нужее гьабулев.

**30.** Гьел киналго нужеда рихьулел Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIалъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламатал жидеца баян гьабулел руго **гьев Аллагь (عز وجل) жив хIакъав БетIергьан вукIин, гьев Аллагьги тун мушрикаца жидее лагъолъи гьабулел алагьзаби гьересиял, батIулал жал рукIинги. Ва гьев Аллагь (عز وجل) жив ТIадегIанав вукIин, жиндир ханлъи ва гуч кIудияв вукIинги баян гьабулел руго.**

**3I. Дуда бихьуларищ я гьав инсан, ралъадалда тIад гумул хьвадулел рукIин Аллагьасул нигIматалдалъун:** нужее ралъад квегъун ва гьелда тIад хьвадулел гуми гьаризе нужеда лъазабун. **Гьелги Аллагьасул (عز وجل) гIаламатал руго, нужеда рихьизарулел. Гьел аятазулъги Аллагьасул хIал кIолъиялда тIоритIел гьаби буго, кинавниги жинца сабро гьабулев ва шукру гьабулев чиясе.**

**32. Аллагьасдехун ширк гьабулел гIадамал гамида рекIун ралъдада тIад хьвадулеб мехалъ ва гьеб ралъадги багъарун мугIрул гIадал карачелал жидеда тIад рачIараб мехалъ гьез ахIи балеб буго цохIо Аллагьасда (عز وجل) ва** гьесда хьул лъолеб буго жал хвасар гьариялда. Гьезда лъалеб букIиналъе гIоло гьеб хIалалдаса жал хвасар гьаризе кIолев цоги щивго чи гьечIеблъи, жидер алагьзабиги гьезул ахIи ргIуларел рукIин.

**Цинги Аллагьас хвасар гьарун жал ракъдаде щвараб мехалъ гьезул цо къокъа жидеца Аллагьасда бараб ахIи ракIалда щолел, гьесда иман лъолел руго,** амма гьезул гIемерисел Аллагьасда (عز وجل) инкар кколел, жал гьес хвасар гьарураблъи кIочолелги руго. **Жидеда дир гIаламатал рихьун хадурги гьезда инкар кколаро цIакъго купру-ширкалъулъ тIерхьарав, жиндир хIила-макро бергьарав чияс гурони.**


**33. Я гьал гIадамал! Нуж хIинкъа БетIергьан Аллагьасдаса (عز وجل). Гьесда гIасилъизе хIинкъа ва гьеб къиямасеб къоялъул гIазабалдасаги хIинкъа: жиндилъ инсуе жаза гьабулареб васас гьабураб гIамал сабаблъун ва васасеги жаза гьабулареб инсул гIамал сабаблъун.** Гьезул цоцазе кумек гьабизе ресги букIулареб, гьел цоцазде регIунги рукIулареб.

**Аллагьасул къотIи хIакъаб буго** тIаде рахъизаризе руго абураб, ахираталда кири ва гIазаб букIизе буго абурабги**. Гьедин бугелъул нуж дунялалъул чIаголъиялъе гуккизе чIоге ва нуж гуккизе чIоге жинца гуккулеб шайтIаналъул макроялъе.** Аллагь (عز وجل) гурхIулев вуго, гьев тIаса лъугьулев вугоян абун, шайтIаналъ нуж мунагьазулъ ва Аллагьасда гIасилъиялъулъ чIезарула, тавбо гьабизе ва лъикIаб гIамал гьабизе кIвахIал гьарула.

**34. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жиндаго аскIоб бугев,** халкъалда загьир гьабичIого тарав, **къиямасеб къо кида чIолеблъи. Аллагьас (عز وجل) цIадги рештIизабула жиндие бокьараб гIужалъ ва жиндие бокьарб бакIалда. Аллагьасда лъала эбелалъул чохьониб бугеб жоги.** Бихьинабищ цIуябищ бугеб, цойиш яги гIемерищ бугеб, чIагойиш гьабулеб, яги хварабгойищ гьабулеб.

**Цониги напсалда лъаларо жинца метер щиб жо гьабизе бугебги**. Гьесул анишал рукIуна батIи-батIияб иш гьабизе, амма Аллагьасул (عز وجل) къотIи-къадар гьесул анишазда данде кколаро ва Аллагьасул хIукму билълъанхъула, гьев чиясул анишалги чIорого хутIула.

**Гьединго цониги напсалда лъаларо жиб щиб ракьалда хвезе бугеблъи. ХIакълъунго Аллагь вуго жинла кинабго жо лъалев, гьелъул загьирги батIинги лъалев, гьитIинабги кIудиябги жо лъалев.**


سُورَةُ السَّجۡدَةِ الجُزءُ الحَادِي وَالعِشرُونَ

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

الٓمٓ ۝١ تَنزِيلُ ٱلۡكِتَٰبِ لَا رَيۡبَ فِيهِ مِن رَّبِّ ٱلۡعَٰلَمِينَ
۝٢ أَمۡ يَقُولُونَ ٱفۡتَرَىٰهُۚ بَلۡ هُوَ ٱلۡحَقُّ مِن رَّبِّكَ لِتُنذِرَ قَوۡمٗا
مَّآ أَتَىٰهُم مِّن نَّذِيرٖ مِّن قَبۡلِكَ لَعَلَّهُمۡ يَهۡتَدُونَ ۝٣ ٱللَّهُ
ٱلَّذِي خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضَ وَمَا بَيۡنَهُمَا فِي سِتَّةِ أَيَّامٖ
ثُمَّ ٱسۡتَوَىٰ عَلَى ٱلۡعَرۡشِۖ مَا لَكُم مِّن دُونِهِۦ مِن وَلِيّٖ وَلَا شَفِيعٍۚ
أَفَلَا تَتَذَكَّرُونَ ۝٤ يُدَبِّرُ ٱلۡأَمۡرَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ إِلَى ٱلۡأَرۡضِ ثُمَّ يَعۡرُجُ
إِلَيۡهِ فِي يَوۡمٖ كَانَ مِقۡدَارُهُۥٓ أَلۡفَ سَنَةٖ مِّمَّا تَعُدُّونَ ۝٥ ذَٰلِكَ
عَٰلِمُ ٱلۡغَيۡبِ وَٱلشَّهَٰدَةِ ٱلۡعَزِيزُ ٱلرَّحِيمُ ۝٦ ٱلَّذِيٓ أَحۡسَنَ
كُلَّ شَيۡءٍ خَلَقَهُۥۖ وَبَدَأَ خَلۡقَ ٱلۡإِنسَٰنِ مِن طِينٖ ۝٧ ثُمَّ جَعَلَ
نَسۡلَهُۥ مِن سُلَٰلَةٖ مِّن مَّآءٖ مَّهِينٖ ۝٨ ثُمَّ سَوَّىٰهُ وَنَفَخَ فِيهِ مِن
رُّوحِهِۦۖ وَجَعَلَ لَكُمُ ٱلسَّمۡعَ وَٱلۡأَبۡصَٰرَ وَٱلۡأَفۡـِٔدَةَۚ قَلِيلٗا
مَّا تَشۡكُرُونَ ۝٩ وَقَالُوٓاْ أَءِذَا ضَلَلۡنَا فِي ٱلۡأَرۡضِ أَءِنَّا لَفِي
خَلۡقٖ جَدِيدِۭۚ بَلۡ هُم بِلِقَآئِ رَبِّهِمۡ كَٰفِرُونَ ۝١٠ قُلۡ يَتَوَفَّىٰكُم
مَّلَكُ ٱلۡمَوۡتِ ٱلَّذِي وُكِّلَ بِكُمۡ ثُمَّ إِلَىٰ رَبِّكُمۡ تُرۡجَعُونَ ۝١١

الجزء ٢١

٤١٥

Гьаб аяталда жанир рицун руго Аллагьасе гурони жидер хIакъикъат лъаларе щуго жо. Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIумаридаса Муслимица ва Бухарияс бицараб хIадисалда Буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гъайибаб (балъгояб) жоялъул кIулал щуго руго, гьел лъаларо цохIо Аллагьасда (عز وجل) гурони. Метер букIинесеб жо лъаларо цохIо Аллагьасда гурони. Къиямасеб къо кидал чIолебги лъаларо цохIо Аллагьасда гурони. РахIмоялда (эбелалъул тIончIорукъоб) жаниб бугеб жоги лъаларо цохIо Аллагьасда (عز وجل) гурони. ЦIад кидал балеблъиги лъаларо цохIо Аллагьасда гурони. Цониги напсалда лъаларо жиб щиб ракьалда хвезе бугеб цохIо Аллагьасда (عز وجل) гурони»*-абун.

### 32. Сурату- Ссаждати

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъеберго аят бугеб.

**I. Алиф. Лам. Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъала гьал хIурупаздалъун бугеб жиндир мурад. Гьал хIурупал руго жидедаса Къуръан данде гьабурал, нужер гIарабияб каламги гьездаса данде гьабун бугеб гIадинго. Нужеда кIвечIеб мехалъ гьаб Къуръаналда релълъараб жо гьабизе, гьелдалъун баянлъулеб буго

гьаб Къуръан ТIадегIанав Аллагьасул калам букIин, гьеб инсанас данде гьабураб жо гьачIеблъи (мунтахаб).

**2. Гьаб дуда вахIю гьабулеб бугеб Къуръан, я МухIаммад ﷺ, щибго шаклъи гьечIого кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагьас рештIизабулеб гьесул калам буго.**

**3. Маккаялъул мушрикаца абулебищ бугеб гьеб Къуръан МухIаммадица ﷺ жинцаго ургъун цIалулеб жо бугин абун? Гьедин гьечIо амру. Гьеб Къуръан буго дур БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб хIакъаб калам. Гьелдалъун дуца хIинкъи кьезе жегиги жидехъе авараг вачIинчIеб къавмалъе.**

Дудаса цеве жидехъе авараг вачIинчIел гIарабиязе Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе, гьез хъанчие лагълъи гьаби течIони ва Аллагь (عز وجل) цо гьавун, гьесие гIибадат гIицI гьабичIони. Мун авараглъун витIун, дуда Къуръанги рештIизабун, дур дагIват босун, гьеб къавм хIакъаб исламияб диналда тIоритIизе бокьун.

Гьав МухIаммад авараг витIун вуго ва гьаб Къуръан рещтIизабун буго Гiиса (гIв) аварагасда хадуб авараг гьечIого гьоркьоб гIемер заман ун, диналдаса буссун бугеб халкъ исламияб диналде ахIизе, цебеккун жидехъе тIехь рещтIизабурал умматалги гьав МухIаммад ﷺ аварагасда нахърилълъизе.

**4. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан, жинца анлъго къоялда жаниб зобалги ракьги бижарав ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъатги бижарав.** ***Цинги жинца гIаршалда истиваъ гьабурав:*** жиндир заталда рекъараб, инсанасе сипат гьабун бицине лъалареб хIалалъ. *(гьаб истиваалъул бицен суратул агIрафалда буго, I57 гьумер, гьенир балагье)* **Нужее, гьев Аллагь гурев, цоги вали гьечIо, нужер умуразул тадбир гьабулев, нужее квербакъи гьабулев ва шапагIат гьабулев чиги гьечIо. Гьаб амру гьадин букIин бичIчIуларищ гIадамазда** ва Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда иман лъун, гьесие гIибадат гьабуларищ?

**5. ТIадегIанав Аллагьас зобалаздаса амру рещтIинабула ракьалда**. Жинца бижараб кинабго махлукъаталъул хIукму-къадар гьабула Аллагьас. **Къиямасеб къоялъ гьеб кинабго амру ва хIукму Аллагьасде (عز وجل) буссуна, гьес хIукму ва жаза гьабизе.** Гьеб къиямасеб къоги цIакъ халатаб къо буго: **нужеца рикIкIунеб азарго сонгIан халатаб буго гьеб къо.**

**6. Гьев** кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев **Аллагь** (عز وجل) **жинда загьираб ва гъаибияб (балъгояб, рикIкIадаб) жоги цохIо хIалалъ лъалев вуго. Жиндир гуч бергьарав ва жив цIакъ гурхIулевги вуго.**

**7. Жинца кинабго жоялъул бижин цIакъ мухIканго гьабурав вуго гьев Аллагь (عز وجل), инсанасул вижиналъул байбихьи хIащалдаса гьабуравги вуго.**

**8. Цинги гьев инсанасул наслу гьабуна жиб цIакъ загIипаб лъималдаса:** манидал къатIраялдаса бижулеллъун гьабуна Адамил (гIв) наслу**.**

**9. Цинги Аллагьас** эбелалъул рахIмоялда жанир **гьев инсанасул киналго лугби камил гьарун рижана ва гьеб черхалъулъ жиндир рахъалъан рухIги лъуна. Аллагьас (عز وجل) нужее канлъи бихьулеб бер гьабуна, гьаракь рагIулеб гIинги гьабуна, кинабго жоялъул пикру тадбир гьабулеб ракIги гьабуна. Ва амма гIадамазда гьоркьор цIакъ дагь гурони гьечIо** жидеда гьеб хIакъикъат бичIчIунел **ва гьал кIудиял нигIматазде данде Аллагьасе щукру гьабулел.**


**I0. Маккаялъул инкарчагIаца абуна: «Ниж хун ва ракьлъун лъугьун, гьеб ракьгун журан рилараб мехалъ, цIидаса рижизаризейищха ругел?» - абун. Гьел гIадамал руго жидеца ахират букIиналда ва гьенир Аллагьасде (عز وجل) дандчIвазе рукIиналда инкар кколел.**

**II. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: «нуж хвезаризе руго Аллагьас нужер рухIал росизе вакил гьарурал малаикзабаца ва нужер БетIергьан Аллагьасде руссинаризе руго.** ХIисаб-мизан гьабизе ва жазаъ гьабизе» абун.

**I2. Дуда бихьизе бугебанищха, МухIаммад ﷺ, гьел капурзаби бутIрулги гIодор дализарун жидер БетIергьан Аллагьасда цере чIун рукIунеб къо!** Гьеб къоялъ жидеца ахираталда инкар ккун рукIарал гIадамаз абула:

**«Я нижер БетIергьан, гьанже нижер беразда бихьана** гьаб ахират хIакъаб жо букIин, **нижер гIундуздаги рагIана** ниж аварагзабаца жинде ахIулел рукIараб жо. **Дуца ниж дунялалде руссизаре мун разияб лъикIаб гIамал гьабизе,** дуе тIагIат-гIибадат гьабун хьвадизе. **Гьанже нижее якъинго** (мухIканго) **лъана Мун кинабго махлукъаталъул хIакъав БетIергьан Аллагь (عز وجل) вукIин, гьаб ахираталъул амруги хIакъаб жо букIин.** Дуца хвезарулеблъи ва чIаго гьарулеблъи, дуца жаза гьабулеблъиги якъинлъана нижее» - абун. Ва амма гьел дунялалде тIад руссизаруларо, гьезул мукIурлъиялъ жидее щибго мунпагIатги гьабуларо. Аллагьасда (عز وجل) лъала тIад руссизарун

дунялалде риччаниги гьез добго купру-ширк гьабулеблъи. Гьезул рагIи нахъчIван, тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:




**I3. Дие бокьун букIарабани дица кинабниги напс иманалда тIобитIараблъун гьабилаан.** Гьеб дир хIалкIольиялда бугеб иш буго. Амма дир хIикматалда рекъон дица гIадамал иманлъезе ва иманлъечIого букIине ихтияралда тана. Гьез гьабураб гIамалалда рекъараб жаза гьабизе къотIиги гьабуна. **Ва дица хIакъаб,** жиндие хиси ва хилиплъи гьечIеб **къотIи гьабуна:** иман лъурал алжаналде лъугьизарилин, дида гIасилъарал, иман лъезе чIухIун купру-ширкалда чIарал, **гIадамалги жундулги жанире рехун жужахI цIезабилин абун.**

**I4.** Гьеб жужахIалде жанире рехун хадуб, гьезул ракI унтизабун, керен туризабун, абула: **«Гьанже чIаме нужеца гьаб жужахIалъул гIазаб; дунялалда ругеб мехалъ нужее ахират букIин кIочон букIиналда данде жазалъун. Жакъа дида нужги кIочон тезе руго даимабго гIазабалъулъ. Гьаб абадияб гIазаб чIаме нужеца дунялалда гьабураб гIамалалъухъ жазалъун» - абун.**

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жинде гIасилъараб къавмалъул бицен гьабун ва гьезул ахираталда букIунеб гIодобегIанаб хIал баян хадуб, жинда иман лъун, аварагзаби ритIухъ гьарун хьвадарал муъминзабазе ахираталда букIунеб даража-макъам бицун абулеб буго:

**I5. Дир Къуръаналда иман лъурал руго жидее гьелдалъун вагIза гьабураб мехалъ** гьеб вагIза босулел**, жал Аллагьасе мутIигIлъун, гьесие сужда гьабун гьумералда гIодорги кколел. Аллагьасе (عز وجل) тасбихI гьабун гьесие рецц гьабулел ва Аллагьасе гIибадат гьабизе жал чIухIуларел,**

**I6. жидеца, сардил макьу тун, хинаб бусеналдаса хьибил тIаде борхулел ва** Аллагьасе гIибадат гьабизе тIаде рахъулел**. Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъун ва гьесда хьуллъун дугIа гьабулел. Аллагьас жидее ризкъилъун кьураб боцIи-малалдаса гьев разилъи тIалаб гьабун садакъа ва напакъа кьолел гIадамал.**


Гьаб бакIалда сужда гьабизе суннатаб буго.

**I7. Цониги напсалда кIоларо тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) жив разиял муъминзабазе ахираталда кьолел нигIматазе къимат гьабизе, гьезул сипат гьабизе. Гьел нигIматал Аллагьас кьола дунялалда Аллагь (عز وجل) цо гьавун, гьев разилъи бокьун гьабураб гIамалалъе жазаълъун.** Ахираталда алжаналда жанир рукIулел нигIматал дунялалъул нигIматазда релълъарал гьечIо, гьезул цIарал нилъеда лъаниги, тIагIам-лазат бицизе лъаларо. Жинда Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, Аллагьасул рахъалъан бугеб хIадис бицун абуна: тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абуна: «*Дица дун разиял лъикIал лагъзадерие хIадурун буго гьезул беразда бихьичIеб, гьезул гIиназда рагIичIеб, гьезул ракIазда хъатIичIеб нигIмат*»-*абун*.

**I8. тIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) иман лъун лъикIаб гIамалалда хьвадарав чиги, жинца купру-ширк ва пасикълъи гьабулев чиги Аллагьасда аскIор ращад рукIунищха** жидее ахираталда гьабулеб жазаалъулъ? **РукIунаро гьел ращад** ва Аллагьас щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жаза гьабула.

**I9 Аллагьасда иман лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал руссулеб бакI алжан буго. Гьеб буго гьезул лъикIаб гIамалалъе жазалъун Аллагьас хIадурун бугеб гьоболлъи.**

**20. Аллагьасде гIасилъарал пасикъал гIадамазул руссулеб бакI жужахI буго. Гьезие жужахIалдаса къватIире рахъине бокьанщинахъе, жужахI хьихьун тарал забаниятаца гьел, бутIрул рухун, гьелде жанире руссинарула ва гьезда абула: «Нужеца чIаме гьаб жужахIалъул гIазаб, нужеца жиб гьереси гьабулеб букIараб ва гьелда иман лъолеб букIинчIеб» - абун.**


الجزء الحادي والعشرون سورة السجدة
وَلَنُذِيقَنَّهُم مِّنَ ٱلْعَذَابِ ٱلْأَدْنَىٰ دُونَ ٱلْعَذَابِ ٱلْأَكْبَرِ
لَعَلَّهُمْ يَرْجِعُونَ ﴿٢١﴾ وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّن ذُكِّرَ بِـَٔايَٰتِ رَبِّهِۦ ثُمَّ
أَعْرَضَ عَنْهَآ ۚ إِنَّا مِنَ ٱلْمُجْرِمِينَ مُنتَقِمُونَ ﴿٢٢﴾ وَلَقَدْ ءَاتَيْنَا
مُوسَى ٱلْكِتَٰبَ فَلَا تَكُن فِى مِرْيَةٍ مِّن لِّقَآئِهِۦ ۖ وَجَعَلْنَٰهُ
هُدًى لِّبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ﴿٢٣﴾ وَجَعَلْنَا مِنْهُمْ أَئِمَّةً يَهْدُونَ بِأَمْرِنَا
لَمَّا صَبَرُوا۟ ۖ وَكَانُوا۟ بِـَٔايَٰتِنَا يُوقِنُونَ ﴿٢٤﴾ إِنَّ رَبَّكَ هُوَ
يَفْصِلُ بَيْنَهُمْ يَوْمَ ٱلْقِيَٰمَةِ فِيمَا كَانُوا۟ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ
﴿٢٥﴾ أَوَلَمْ يَهْدِ لَهُمْ كَمْ أَهْلَكْنَا مِن قَبْلِهِم مِّنَ ٱلْقُرُونِ
يَمْشُونَ فِى مَسَٰكِنِهِمْ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ ۖ أَفَلَا يَسْمَعُونَ
﴿٢٦﴾ أَوَلَمْ يَرَوْا۟ أَنَّا نَسُوقُ ٱلْمَآءَ إِلَى ٱلْأَرْضِ ٱلْجُرُزِ فَنُخْرِجُ
بِهِۦ زَرْعًا تَأْكُلُ مِنْهُ أَنْعَٰمُهُمْ وَأَنفُسُهُمْ ۖ أَفَلَا يُبْصِرُونَ
﴿٢٧﴾ وَيَقُولُونَ مَتَىٰ هَٰذَا ٱلْفَتْحُ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٢٨﴾
قُلْ يَوْمَ ٱلْفَتْحِ لَا يَنفَعُ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِيمَٰنُهُمْ وَلَا هُمْ
يُنظَرُونَ ﴿٢٩﴾ فَأَعْرِضْ عَنْهُمْ وَٱنتَظِرْ ۖ إِنَّهُم مُّنتَظِرُونَ ﴿٣٠﴾
سورة الأحزاب
٤١٧

**2I. Дица гьел капурзабазда гьаб дунялалъул гIазабги чIамизабула, ахираталда кIудияб гIазаб чIамизабилелде цебе, гьел кантIилародаян ва гьез тавбу гьабун Аллагь (عز وجل) цо гьавилародаян абун.**

**22. Щив чиха вукIинев жиндир зулму кIудияв жиндие Аллагьасул Къуръаналдалъун вагIза гьабураб мехалъ гьеб къабул гьабичIого, гьелда мугъ бан чIарав чиясдаса? ХIакъалъунго дица рецIел босизе буго дида гIасилъарал, дир Къуръан гьереси гьабурал, дир авараг ﷺ махсароде гьавурал гIадамаздаса.**

**23. БичасхIаги, дица Муса аварагасухъги кьуна тIехь. Мун щибго щаклъуге, МухIаммад ﷺ, гьев Муса авараггун данде чIвазе вукIиналда. Дица Мусахъе кьураб Таврат гьабун букIана бануисраилал тIоритIулеблъун,** гьезда хIакъаб дин лъазабулеблъун.

**24. Дица бануисраилаздаса имамзаби гьаруна:** жидеца Аллагь (عز وجل) цо гьавурал, Тавраталда бугеб жо хисизабичIого гьелда гIамалги гьабулел, **жидеда муъминзабиги нахърилъулел.** Гьел лъикIал гIадамал имамзабилъун гьаруна дица, **гьез сабру гьабидалго дица рещтIизабураб Тавраталда гIамал гьабиялда ва гьеб сабаблъун жидеда щвараб къварилъиялдаги. Гьел рукIана жидеца дир аятазда якъинго иман лъолел.**

Гьаб аяталда жаниб Маккаялъул къурайшиязе ишара буго гьел МухIаммад ﷺ аварагасе мутIигIлъани ва Къуръаналда гIамал гьабун хьвадани, гьезулги Аллагьас (عز وجل) гIадамазе имамзаби гьарилин абун.

**25. ХIакъалъунго дур БетIергьан Аллагь вуго, МухIаммад ﷺ, жинца къиямасеб къоялъ капурзабиги муъминзабиги ратIа гьарулев ва гьел жиндилъ хилиплъун рукIараб диналъул амруги гьезие баян гьабулев.** Жинда иман лъун, ахират ритIухъ гьабун хьвадарал муъминзаби Аллагьас (عز وجل) алжаналда лъугьизарула. Жинда инкар ккурал, авараг гьереси ﷺ гьавун, ахираталде иман лъечIого хьвадарал залимзаби гIодорегIан гьарун жужахIалде рехула.

**26. Гьал мушриказда лъаларогонищ бугеб кигIан гIемерал умматал дица гьалаг гьарурал** гьез дир аварагзаби гьереси гьарураб мехалъ. **Гьел мушрикал жидер сапаразулъ хьвадулел руго гурищ гьел гIадамал яшав гьабун рукIарал, гьездаса нахъе хутIарал, чIунтарал росаби къотIун. Гьел умматал гьалаг гьариялъулъ ва гьез нахъе тараб асаралъулъ гIаламатал руго Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда. Гьаб Къуръан рагIулареб щай Маккаялъул мушриказда?** Гьез пикруги кин гьабулареб ва вагIзаги щай босулареб?

**27. Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда инкар кколел гIадамазда бихьуларогонищ бугеб Дица бакъвараб, бихъ-бихъараб ракьалда тIад лъим тIолеблъи:** зодиса цIад базабун, мугIруздаса гIазул ва лъималъул лъарал чвахизарун. **Гьеб лъималдалъун дица гьезие ракьалдаса къватIибе бижизеги гьабула батIи-батIияб хур-хер ва пихъал. Гьеб ризкъи кванала гьез ва гьезул хIайваназги. Гьаб иш кин гьел инкарчагIазда бихьулареб ва** гьелъул пикру гьабун жидеца иманги щай лъолареб?

**28. Дуда ва муъминзабазда Маккаялъул мушириказ гьикъулеб буго кидаха букIизе бугеб нужее Аллагьас къотIи гьабураб бергьенлъи, нуж битIараб бицунеллъун ратани-абун.** Гьелда божичIого, муъминзаби махсароде гьарун абулеб рагIи буго гьеб. Муъминзабаца абураб мехалъ тIадегIанав Аллагьас нужедаги нижедаги гьоркьоб хIукму гьабизе бугин, хIакъабги батIулабги жо батIа гьабизе бугин абун, мушрикаца абулеб букIана рачIаха нужерго гIазабги бачун абун. Гьезие жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:


**29. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, муъминзабазе квербакъи гьабизе бугин абураб Аллагьасул къотIи хIакъаб буго. ХIакъикъияб хIукму ва бергьенлъи букIизе буго къиямасеб къоялъ. Гьеб**

**къоялъ капурзабазе щибго мунпагIат гьабизе гьечIо гьез иман лъеялъ ва гьел нахърахъун тезе гьечIо жидее гIазаб гьабичIого.** Тавбо гьабизе ва лъикIаб гIамал гьабизе гьезие заман букIуларо ва гьезие хIакълъараб гIазаб гьабичIогоги толаро.

**30. Мун гьел мушриказдаса вуссун чIа, МухIаммад ﷺ, ва гьезда кинаб гIазабдай щвела абун балагьун чIа! Гьелги балагьун чIун руго муъминзабазе гIазаб ва къварилъи бачIиналда.**

**33. Суратул АхIзаби**

Мадинаялда рещтIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила лъабго аят бугеб.




**I. Я гьав Аллагьасул авараг ﷺ! Мун Аллагьасдаса хIинкъа гьесда гIасилъизе ва мун капурзабазулги мунапикъзабазулги хабаралда мутIигIлъуге:** гьезул аллагьзабазда гIайиб чIваге абураб рагIиялъулъ ва гьездехун хIал рекъезабун вукIа абураб рагIиялъулъги**. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда лъалев вуго гьел капурал ва мунапикъал гIадамазул хIал ва жинца гьабулеб хIукмуялъулъ гIадлу битIарав, маслихIат бугеб жо гьабулев вуго.**

**2. Мун нахъвилълъа, МухIаммад ﷺ, дур БетIергьанас дуда вахIю гьабураб Къуръаналда. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинда лъалев нужеца гьабулеб кинабго гIамал.** Ва гьесда щибго жо балъго хутIуларо. Ахираталда щибго жо гъоркь течIого нужее жазаги гьабизе буго Аллагьас.

**3. Дуца киналго ишазулъ Аллагьасде тIаме таваккал. Гьев Аллагь гIезе вуго дуеги дур асхIабзабазеги вакиллъун:** жинца нужее квербакъулевлъун ва нуж цIунулевлъун.

**4. ТIадегIанав Аллагьас цо чиясул черхалда жаниб кIиго ракI гьабичIо.**

Къурайшияздаса цо чи вукIана жив цIодорав, жинда рагIараб щинаб жо ракIалда чIолев. Гьес абулеб букIана: «Дир кIиго ракI буго, щибаб ракIги МухIаммадида лъалелдаса гIемер жо лъалеб буго»-абун. Гьеб рагIи хвезабун абулеб буго тIадегIанав Аллагьас жинца цониги чиясе кIиго ракI гьабичIин абун.

**Нужеца жидедаса зигьар гьабулел руччабиги гьаричIо Аллагьас нужер улбуллъун.** ГIарабиязул гIадат букIана жиндие чIужу нахъе йиччазе бокьараб мехалъ гьелда абулеб: мун дир эбелалда релълъун йигоян. Цинги гьей чIужу гьесдаса нахъе уней йикIана ва гьел тIокIал данделъулел рукIинчIо. Гьаб жагьилияб хIукму хвезабун Аллагьас абулеб буго гьел руччаби нужер улбул рукIуларо абун.

**Нужеца васал руго абун ккурал чагIиги нужер васал рукIуларо: гьеб буго нужер кIалалъ абулеб рагIи.** Нужер васал рукIуна нужеца ячарай чIужуялъ гьарурал. Гьаб рагIиги абуна жагьилиял гIарабиязул букIараб жидер вас гурев чи васлъун кколеб гIадат хвезабун.

**ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жинца хIакъаб рагIи бицулев, битIараб хIукмуги гьабулев. Гьев Аллагьас (عز وجل) тIоритIула битIараб нухдаги, хIакъаб динул исламалдаги.**


**5. Гьел нужеца васал ругин ккурал чагIазда цIар ахIе гьезул инсул цIаралдалъун, гьеб буго Аллагьасда аскIоб битIараб рагIи. Гьел гIадамазул умумул нужеда лъалел ратичIони, гьел нужер диналъул вацал руго;** гьезда «я дир вац» абун абе. **Гьел нужер диналъул гьудулзабиги руго:** гьезда «я дир гьудул» абун абе.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас васлъун ккурав Зайд бину ХIарис(ра) вукIана. Гьесда гIадамаз Зайд бину МухIаммад абулеб букIана гьаб хирияб аят рещтIизегIан цебеккун. Гьеб рещтIинабидалго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Зайдида абуна: «мун нижер диналъул вац вуго ва нижер гьудулги вуго» - абун.

**Нужее мунагь-хIакъ гьечIо нуж хатIаълъун ккараб жоялъул**, шаргIияб хIукму рещтIизегIан цебехун араб жоялъулги. **Амма шаргIияб хIукмуги лъалеб букIаго нужеца бокьун гьеб хIукму**

**хвезабураб мехалъ буго нужее мунагь. ХIакълъунго Аллагь жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.**

**6. Аллагьасул авараг ﷺ лъикIав вуго муъминзабазе жиндирго напсаздасаги**: гьезда гурхIел-рахIмо гьабиялъул рахъалъан ва жидеца гьев разилъи тIалаб гьабизеги. **Гьев аварагасул руччабиги муъминзабазул улбул руго.** Жидер адаб-хIурмат гьабизе тIадаб букIиналъул рахъалъан ва гьезулгун ригьин гьабизе хIарамаб букIиналъул рахъалъанги. **Муъминзабазул наслабазул гIагарал гIадамал цоял цоязе рекъарал ругоАллагьасул шаргIалда жанир,** ирс босиялъул ва къисас босиялъул рахъалдаса, **цогидал муъминзабаздаса ва мугьажираздаса. Муъминзабаца цояз цоязе лъикIлъи гьабизе бегьула** – гьедин лъикIлъи гьаби шаргIалда беццарабги буго. **Гьаб ирс гьабиялъул хIукму Аллагьас жиндир тIехьалда хъвараб, жиб хисинабулареб хIукму буго.** Ирс Аллагьасул хIукмуялда рекъон гьабизе тIадаб буго, жидее ирс щолел гIадамазе ирс кьечIого букIине гIоло гьабураб васиятги хIарамаб буго.




**7. Дуца рехсе, МухIаммад ﷺ, дица** жидеда тIад къараб рисалат умматазухъе щвезабизе **аварагзабаздаса къотIи босараб гIуж. Дудасанги, НухI аварагасдасаги, Ибрагьим, Муса, Марьямил вас ГIиса (гIв) аварагасдасаги. Гьел киназдасаго дица цIакъ мухIканаб къотIи босана жидеда тIад къараб рисалат тIубазабизе.**

**8. Гьаб къотIи боси дица гьабуна къиямасеб къоялъ гьел аварагзабазда гьикъизе жидеца къотIи киндай тIубазабуна абун. Аллагьасда инкар ккурал, аварагзаби ва ахират гьереси гьабурал капурзабазе цIакъ гучаб, жинца унтизабулеб гIазаб хIадурун буго.**

**9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца ракIалде щвезабе тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужее кьураб нигIмат ва нужее гьабураб квербакъиги. Нужеда рагъ гьабизе абун гIемерал аскарал рачIараб мехалъ дица гьел аскаразда тIаде цIорораб гьури биччана ва нужеда рихьуларел дир малаикзабазул боялги рещтIизаруна. Аллагь ( عز وجل) жинда лъалев ва бихьулев вукIана нужеца гьабулеб кинабго гIамал ва нужер хIал.**

**I0. Гьел капурзабазул аскарал нужеде тIаде рачIараб мехалъ Мадинаялъул тIасияб рахъалдаса:** гьениса бануасад ва банугъатIфан абулеб кьибилалъул гIарабиял рачIулел рукIана. **Мадинаялъул гьоркьияб рахъалдасаги рачIараб мехалъ:** гьениса рачIулел рукIана къурайшиязул боял, кинанатилал ва батIи-батIиял гIарабиязул къукъабиги. Гьелгун цадахъ банукъурайзатал абулел ягьудиялги рукIана. Гьеб хIалалда ругеб мехалъ муъминзаби цIакъ хIинкъун рукIана. Гьезул хIал бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«ХIинкъун нужер бералги рахъ-рахъалде руссараб мехалъ, ракIалги щокъроре рахун ругоян кколеб хIалги лъугьиндалго. Гьеб хIалалда рукIадго нужер ракIазда батIи-батIиял пикрабиги хIалтIулел рукIана».** Муъминзабазе бокьун букIана хеккого Аллагьасул (عز وجل) квербакъи ва жидее къотIи гьабураб бергьенлъиги щвезе. Мунапикъзабазул ракIалде кколеб букIана гьанже киналго муъминзаби тIагIизарилин ва жидее эркенлъи щвелин абун.

**II. Аллагьас муъминзабазул цIакъаб хIалбихьи гьабуна гьеб гьазаваталда ва гьел цIакъ хIинкъизарун кIорокIизеги гьаруна.** Гьелдалъун Аллагьас (عز وجل) иман камилал муъминзабиги, иман загIипал гIадамалги, мунапикъзабиги ратIа рахъун лъазаруна ва гьел загьир гьаруна.

**I2. Гьеб мехалъ мунапикъаца ва жидер иман загIипал, рекIелъ унти бугел гIадамазги абулеб букIана: «Аллагьас (عز وجل) ва гьесул расулас ﷺ нилъее бергьенлъи ва квербакъи букIизеян гьабураб къотIи нилъ гуккулеб къотIи бугоян» - абун.**


**I3. Мунапикъзабазул цоги къокъаялъ абураб гIужги рехсе: я Мадинаялъул гIадамал! Нуж гьаб хандакъазул рагъулъ чIоге, нуж гьаниса нахъе русса!** Нилъеда данде вугев тущманги гучав

вугин, нилъее аварагас гьабураб къотIиги гьересияб бугин абун. **Мунапикъазул цоги къокъаялъ аварагасдаса изну тIалаб гьабулеб букIана жал рагъулъе рачинчIого рукIине. Гьез абулеб букIана нижер рукъор бихьинал гьечIо, ниж хIинкъун руго хъизаназе тущманас зарал гьабилин абун. Амма гьезул рукъзабазе ва хъизаназе щибго хIинкъи букIинчIо.** Гьезие бокьун буго жал рагъде рачинчIого рукIине ва гьеб рагъдаса лъутине.

**I4. Киналго рахъаздаса тущбаби Мадинаялде жанире рачIун рукIаралани ва гьез мунапикъзабазда абун букIарабани нуж муъминзабазде данде рагъеян абун, гьел мунапикъзабаца бусурбабазде рагъ гьабизе буго ва, гьезул «нижеца иман лъуна»-абураб ргIиги хеккого тIаса инзе буго.**

Гьел руго хиянатал гIадамал ва гьезул иман лъейги хиянатаб буго. Гьезул ракI бухIун гьечIо Мадина шагьаралда, гьезие бокьун буго щиб хIилла гьабунги Аллагьасул свалат салам лъеяв аврагасе ва гьесул асхIабзабазе зарал гьабизе ва гьезул исламияб дин загIип гьабизе.

**I5. Гьел мунапикъзабаца Аллагьасе къотIи гьабун букIана жал тущманасдаса мугъ бан лъутизе гьечIин абун. Гьеб къотIи гьезда кIочон тун буго. Ва амма Аллагьасе (عز وجل) гьабураб къотIи жиндаса жаваб тIалаб гьабизесеб буго.** Ахираталда гьеб щай тIубачIеян кIал гьикъизе буго.




**I6. Дуца гьел мунапикъзабазда абе, МухIаммад ﷺ; нужее щибго кумек гьабизе гьечIо нуж хвалидаса яги рагъда чIваялдаса лъутанин абун.** Аллагьасул ажал щвараб мехалъ хвечIого щивго чи хутIуларо. **Нуж хвалдасан лъутанин абун гIемералъ чIаго хутIуларо.**

**I7. Цоги дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ: нуж Аллагьасул гIазабалдаса хвасар гьарулев чи щив вугев, нужее гIазаб гьабизе гьесие бокьун бугони? Аллагьасе (عز وجل) нужее рахIмат ва лъикIлъи бокьани, гьеб нужедаса нахъчIвазе кIолевги щив чи вугев?-абун.** ГьечIо щивго чи Аллагьасул гIазаб ва гьесул рахIмат нахъчIвазе кIолев. **Гьел гIадамазда ватуларо ва гьезие гьечIо Аллагь (عز وجل) гурев цогиги кумекчи ва гьудул-гьалмагъ.**

**I8. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъала нужеда гьоркьор ругел гъазават гьабиялдаса гIадамал нахъчIвалел мунапикъзаби, жидеца капурзабазда ва жидер гьалмагъзабазда абулел: «Нуж нижеда аскIоре рачIа, нужеца МухIаммадги гьесул асхIабзабиги рехун те» - абун. Гьел мунпикъзаби жидее къварилъи-захIмалъи бугеб бакIалда рачIунаро, гIадамазе рихьизе гIоло рачIунел дагьалго гIадамал гурони.** Гьенире рачIаразул мурадги букIула муъминзабазда гьоркьоб гьел рагъдаса нахъчIвалеб хабар бицин.

**I9. Нужее лъикIлъи гьабизе гьел цIакъ бахиллъула. Рагъдаги рукIун цо хIинкъи тIаде бачIараб мехалъ дуда гьезул берал рихьула дудехун жал балагьулел ва хIинкъун свер-сведулел, хвел тIаде бачIун рухI бахъулеб бугев чиясул гIадин. Цинги гьеб хIинкъи тIаса ун хIалхьараб мехалъ, гьез нужеда нахъасан квешаб, хъубаб хабар бицулеб буго. Гьезие цIакъ боцIи-малги бокьулеб буго**.

Гъазаваталдаса гъанимат (давла) щвараб мехалъ гьеб бикьизе ва жидее гьеб босизе гьел гIедегIулел руго, гьеб гъанимат сабаблъун нужеда нахъасан кIалъалелги руго. гьел гIадамал руго жидеца Аллагьасда иман лъечIел. **Аллагьас гьез гьабураб гIамалги къабул гьабуларо,** гьеб гIададе хвараблъун гьабула.

Инсанас гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьабун, гьелда данде ахираталда лъикIаб жаза гьабиялъе шартI буго гьеб гIамал Аллагьасда (عز وجل) иманги лъун гьабураб букIин. **Гьезул гIамал къабул гьабунгутIи** ва гьеб гIадада хвараблъун гьаби **Аллагьасе цIакъ бигьаяб амру буго.**

**20. Гьел мунапикъзаби,** гIемер хIинкъун рукIиналъ, **божулел гьечIо Мадинаялда сверун рукIарал капурзабазул аскарал нахъе анин абун. Цогиги нухалъ нужеда рагъ гьабизеян капурзаби Мадинаялде рачIунел ругони, гьезие бокьулеб буго жал шагьаралдаса къватIире ун гIалахалдаго чIезе. Гьенир гIалахалдаги рукIун жидеца нужер хIалги цIехезе:** муъминзаби къолел гьечIодай капурзабаздаса абун хъаравуллъи ккун рукIизе бокьун буго гьезие, нужгун цадахъ рагъда рукIизе бокьун гьечIо.


**Нагагь мунапикъзабазул цо къокъа нужгун цадахъ гъазаваталда бугониги, гьез цIакъго дагь гурони рагъ гьабизе гьечIо.** Жидерго чIаголъи цIунун хьвадизе руго гьел.

**2I. Гьав хирияв Аллагьасул расуласда ﷺ буго нужее, я гьал муъминзаби, берцинаб нахърилъльин. Нужедаса Аллагь разилъи ва лъикIаб ахират щвезе бокьарал, Аллагь (عز وجل) гIемер рехсолел муъминзабазе.**

Нужеца гьев аварагасдаса ﷺ мисал босе гIибадат гьабиялъулъги, Аллагьасда (عز وجل) тавакал тIамиялъулъги, гьесул диналъе гIоло гъазават гьабиялъулъги ва цогидал берцинал ва лъикIал тIабигIатазулъги. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда нахърилъльизе ккеялъе сабаб буго гьев вукIин кинабго гIамал Аллагьасул вахIюялдалъун гьабулев. Хирияв аварагасул нух ккурав чи Аллагьасул нух ккурав вукIула.

**22. Жидер иман камилал муъминзабазда Мадинаялда сверун лъугьарал капурзабазул аскарал рихьараб мехалъ, гьел хIинкъичIо ва гьез абуна: «Гьаб буго нижее Аллагьасги (عز وجل) гьесул расуласги къотIи гьабураб жо. Ва гьев Аллагьги гьесул расулги ﷺ жидеца гьабураб къотIиялъулъ ритIухъал руго» - абун.**

Аллагьас нижер хIалбихьи гьабизе буго хIинкъизарун, къварилъи тIад биччан, ракъи-къечалдалъунги. Гьеб хIал бихьиялда хадуб Аллагьас нижее квербакъиги гьабизе буго**. Гьел муъминзабазул жегиги иман цIикIана ва Аллагьасдаги гьесул расуласдаги мутIигIлъиги цIикIана.** Гьел хIинкъичIо капурзабазул боял гIемерал рукIиналдаса ва Мадинаялда сверун лъугьун гьез жал жанир сверизарун рукIиналдасаги.




**23. Гьел муъминзабаздаса цо бахIарзал руго Аллагьасе (عز وجل) гьабураб къотIиялъулъ жал цIакъ ритIухъал. Гьезул цоял руго Аллагьасул диналъе гIоло рагъун жал шагьидлъарал ва жидер къотIиги тIубазабурал.** Аллагьасул диналъе квербакъизе ва гьеб ишалъе гIоло хвезегиян къотIи гьабун букIана хириял асхIабзабаз (ра) аварагасе байгIат гьабулеб мехалъ. **Гьезул цогидалги руго жидер къотIи тIубазабине хIадурун ругел** ва Аллагьасул диналъе гIоло рухI бичине къватIире рахъун ругел. **Гьел бахIарзаз Аллагьасе (عز وجل) гьабураб къотIи хвезабун гьечIо ва гьеб кидаго хисинабизеги гьечIо.**

**24.** ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьел гъазаваталги, гьениб гьабураб къвакIараб хIалбихьиги **жидер иманалъулъ ва къотIиялъулъ ритIухъал муъминзабазе гьабуна, жинца гьезул ритIухълъиялда данде алжаналдалъун жаза гьабизе. Мунапикъзабазе гучаб гIазабги гьабизе, гьез мунапикълъи течIони, гьез тавбо гьабуни гьеб тавбоги къабул гьабизе. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) жив гурхIулев ва мунагьал чурулев вуго.**

**25. ТIадегIанав Аллагьас капурзаби нахъе руссизаруна жидер цим бахъараллъун ва жидер мурадазде щвечIеллъун. Аллагьас муъминзабазе гIейги гьабуна: рагъги гьабичIого гьел бергьараллъун гьаруна.** Малаикзаби ритIун, гьури тIаде биччан, капурзабазул аскарал риххизаруна ва лъутизаруна. **ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жиндие бокьараб жо гьабизе**

**хIалкIолев ва жиндир къуват-гуч бергьарав**. Аллагьасда кIола жиндир тущбабазе гIазаб гьабизе ва жиндие рокьарал муъминзабазе квербакъи гьабизе.

**26. Гьел капурзабазе квербакъи гьабулел рукIарал ягьудиялги Аллагьас жидер щулиял хъулбуздаса къватIире лъугьизаруна ва гьезул ракIазулъ кутакаб хIинкъиги рехана. Гьезул цо къокъа нужеца чIвана, цогидаб къокъа асирзабилъун гьабуна.**

Гьел руго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе къотIи гьабун, гьесде данде рагъиларин абун рукIарал банукъурайзатал. Мадинаялда сверун Маккаялъул къурайшалги ва цогидал гIарабиял лъугьараб мехалъ, банукъурайзатаз аварагасе гьабураб къотIи биххизабуна ва гьел мушриказе квербакъи гьабизе лъугьана. Аллагьас (عز وجل) капурзабазул аскарал риххизарун хадуб аварагас ﷺ къасд гьабуна банукъурайзатазде тIаде ун гьезда рагъ гьабизе.


Гьезул хъала сверун ккураб мехалъ ва жидер хIалги цIакъ квешлъараб мехалъ, ягьудиял разилъана рагъ гьабичIого кверде рачIизе ва жинда Аллагь разилъаяв СагIдо бину МугIазица гьабураб хIукму къабул гьабизе. СагIдоца (ра) хIукму гьабуна гьезул рагъ гьабизе кIолел бихьинал чIвазе, руччаби, лъимал ва херал гIадамал асирзабилъун гьаризе, гьезул цогидаб боцIи-мал гъанимат гьабун бикьизе. Гьел ягьудиязул микьнусгоялдасаги гIемерав чи чIвана ва цогидал асирзабилъун гьарун гъаниматалда гьоркьор рикIкIана.

**27. ТIадегIанав Аллагьас нужее ирсалъе кьуна гьел ягьудиязул кинабго ракьги, гьезул росабаги ва гьезул кинабго магIишатги. Гьединго Аллагьас (عز وجل) нужее ирсалъе кьуна жеги нужеца жиб мерхьинчIеб ракь.** Гьелда хадуб бахъараб хайбаралъул ракь ва цогидалги бусурбабаца рахъарал капурзабазул ракьал. **ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев.**

**28. Я гьав аварагъ ﷺ! Дуца дур руччабазда абе: «Нужее гьаб дунялалъул чIаголъиги, гьелъул берцинлъи-чIухIиги бокьун батани нуж дида аскIоре рачIа, дица нужее кколеб къадар напакъа кьела ва нужги берцинго нахъе риччан тела.**

**29. Нуж Аллагьги гьесул расулги вокьулел ратани, гьединго берцинаб ва абадияб ахиратги бокьулел ратани:** даимал алжаналъул нигIматал рокьулел – **ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) нужедаса лъикIал руччабазе хIадурун буго цIакъ кIудияб ажро.**

**30. Я гьал аварагасул ﷺ руччаби! Нужедаса цонигиялъ мунагь-хIакъ кколеб гIамал гьабуни:** аварагасдехун барщи загьир гьабуни, гьесул амруялъе мутIигIлъичIони – **нужее гIазаб кIиго нухалъ цIикIинабизе буго.** Аллагьасул аварагъ хирияв вукIиналъ гьесул руччабиги хириял рукIуна. Гьезул хиралъиялда релъдъун гьезул гIасилъиялде данде жазаги цIикIинабула. **Гьеб гIазаб гьабиги тIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) цIакъ бигьаяб амру буго.**




**3I. Нужедаса хирияв аварагасе ва Аллагьасе мутIигIлъиялда тIад чIарал, жидеца Аллагьги аварагги разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабурал руччабазе дица ажру-кири кьола кIиго нухалъ цIикIизабун** (ай цогидал муъминзабазул руччабазе кьолелдаса кIиго нухалъ цIикIун). **Гьей Аллагьасдаги гьесул расуласдаги мутIигIай чIужуялъе дица ахираталда цIакъ хирияб ажру ва ризкъи хIадурун буго.**

**32. Я гьал аварагасул ﷺ руччаби! Нуж гьечIо цогидал руччабазда релъдъун.** Нуж руго аварагзабазулги бищунго хирияв аварагасул руччаби. Нужер ажру ва даражаги гьединго тIадегIанаб буго. **Ва амма нуж рукIизе ккола Аллагьасдаса хIинкъарал ва гьесул амруялъе мутIигIал.**

Гьедин нуж гьечIони ва нужеца Аллагьасде ва гьесул расуласде гIасилъи гьабулеб бугони, нуж аварагасул руччаби ругин абун гIазаб гьабичIого

толаро. Цебесеб аяталда бицараб гIадин цогидал руччабазе гьабуледасаги кIиго нухалъ цIикIараб гIазаб гьабула нужее.


**Нужеца гьаракь тIерен гьабун, берцин гьабун, чияр чиясда калам гьабуге. Гьедин гьабуни жиндир рекIелъ унти бугев, иман загIипав, хIалихьатав чиясул ракIалъе нужедехун хабар бици бокьизе бегьула. Нужеца гьездехун абизе ккараб рагIи къокъго ва гьаракь борхичIого абе**, щибго щаклъи кколареб мухIканаб рагIи абун тIубазабе гьездехун гьабулеб калам. Гьаб аяталда жаниб тIоритIел буго руччабазул гьаракьги гIаврат букIиналда, цо-цо гIалимзаби гьеб гIаврат гьечIин абун кIалъаниги.

**33. Нуж нужерго рукъзабахъги чIа**. Щибго хIажалъи гьечIого гьаниса къватIире рачIун гIадамазулгун журай гьабуге. **Нужеца жагьилал гIарабияз ва капурал гIадамаз загьир гьабулеб гIадин, нужер черхалъул ва ретIелалъул, курхьин-кIиликIалъул берцинлъиги загьир гьабуге. Нужеца паризаял какалги рукугI-сужда камил гьабун, Аллагьасе хIелун, гьев разилъи тIалаб гьабун рай. Нужер боцIи-малалдаса паризаяб закатги кье.**

**Нуж Аллагьасеги (عز وجل) гьесул расуласеги ﷺ мутIигIлъунги рукIа. Я гьав расуласул рукъалъул агьлу! ТIадегIанав Аллагьасе бокьула нуж цIакъ рацIадал рукIизе, нужедаса кинабго чороклъи тIаса инзабизе** ва нуж кинабго мунагь-хатIаалдаса ва квешал сипатаздаса рацIцIадги гьаризе.

**34. Нужеца цIале ва лъазабе нужер рукъзабахъ цIалулеб бугеб хирияб Къуръанги, аварагасул суннатги.** Гьелда рекъараб гIамал гьабе ва гьеб нух хьвадизабе. **ХIакълъунго Аллагь жив цIакъ гурхIулев вуго, жинда лагъзадерил киналго гIамалал лъалевги вуго.** Гьел лагъзадерие маслахIат бугеб жо гьезда лъазабулев вуго ва дунял-ахираталъул бахьибуголъиялде гьел тIоритIулевги вуго.

**35. ХIакълъунго муслимал ва муслиматал**: жидеца исламияб диналъул амру-нагью тIубалел ва гьелда нахърилъулъунел**. Муъминзаби ва муъминаталги:** жидеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги иман лъун, гьеб иман ритIухъ гьабун жал хьвадулел. **Аллагь разилъи тIалаб гьабун гIибадат гьабулел бихьинал ва гьединалго руччабиги,** жидер иманалъулъ, рагIабазулъ, гIамалалъулъ ва нияталъулъ ритIухъал бихьинал ва руччабиги**,** Аллагьасе мутIигIлъиялда гьесие тIагIат-гIибадат гьабиялда **сабру гьабун гьелда тIадчIей гьабулел,** Аллагьасде гIасилъулел пишаби теялда тIад чIунги **сабру гьабулел бихьинал ва руччабиги, Аллагьасе (عز وجل) хIелун ва гьесул гIазабалдаса хIинкъун рукIулел бихьиналги руччабиги, жидер боцIиялдаса Аллагьасе гIоло мискин-пакъирасе садакъа кьолел ва закатги кьолел бихьинал ва руччабиги, жидеца Рамазан моцIалъул паризаяб кIал кколел ва суннатал кIалалги кколел бихьинал ва руччабиги, жидеца жидер гIаврат хIарамаб жоялдаса цIунулел бихьинал ва руччабиги:** ГIаврат бахчунел, гьеб зина-хатIаалдаса цIунулел, **жидеца Аллагь (عز وجل) гIемер рехсолел бихьиналги руччабиги: Гьал цере рехсарал гIадамал тIадегIанав Аллагьас жидер мунагьал рахчунел ва жидее ахираталда цIакъ кIудияб ажру хIадурун бугел руго.**





**36. Цониги муъминчиясда ва муъминай чIужуялда рекъараб гьечIо ва гьезие бегьуларо Аллагьасги (عز وجل) гьесул расуласги ﷺ цо хIукму гьабураб мехалъ, гьеб хIукмуялъул хилапалда иш гьабизе.** Гьеб хIукмуги жибго тун цоги хIукму гьабизе ва гьеб лъикIаблъун бихьизе бегьуларо. **Жинца Аллагьасул ва расуласул амруялда гIасилъи гьабурав чи вуго жив баянаб къосиналъ къосарав.** Гьев шаргIалдаса вахъарав чи вуго ва жиндир нухги мекъи ккарав вуго.

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана жинда Аллагь разилъааяв ИбнугIаббасица: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир гъарабаш вукIун тархъун, вас гIадин жиндир рукъов вугев Зейд бину ХIарисатие гьарана жиндир яцгIал Зайнаб бинту ЖахIш. Гьелъие Зейдие ине бокьичIо ва гьей гьеб амру тIубазе нахъчIван чIана. Гьелъул вац ГIабдуллагь бину ЖахIшиеги бокьун букIинчIо Зайнаб Зайдие кьезе, гьей къурайщияб тухумалъул къадру бугей гIадан йикIун, Зайдги лагъзадерил вукIарав чи вукIун. Цинги тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьаб аят рещтIизабуна. ГIабдуллагьги разилъун Зайнабги Зайдие кьуна. Гьел киназдаго Аллагь разилъаги.

**37. Дуца рехсе, МухIаммад ﷺ, Аллагьас (عز وجل) иман-исламалда тIовитIун жиндие кIудияб нигIмат кьурав ва дуцаги жив тархъун, дурго вас гIадин кIодо гьавун жиндие нигIмат кьурав** Зайд бину ХIарисатида **дуца абураб гIуж: «Дуца чIужу дуего те ва гьелда цIар тIамуге. Мун Аллагьасдасаги хIинкъа гьей Зайнабие къварилъи гьабизе» - абун. Дуца жанибги бахчун букIана Аллагьас жиб загьир гьабизе бугеб амру:** Зайдидаса ятIалъун гьей Зайнаб жиндир чIужулъун йикIунеблъи лъазабун букIана Аллагьас жиндир аварагасда ﷺ. **«Мун хIинкъулев вуго гIадамаздаса ва гьез бицунеб рагIиялдаса.** Мун гьелдасан хIинкъуге. **Мун жиндаса хIинкъизе хIакъав чи цохIо Аллагь вуго. Я МухIаммад ﷺ! Зайдица гьей Зайнабил цIар тIамун гьелъул гIидда тIубараб мехалъ дица дуе чIужулъун кьуна гьей Зайнаб.** Гьеб дица гьабуна жагьилиял гIарабиязул гIадат хвезабун жидер васаллъун ккурал гIадамазул рукIарал руччаби рачине бегьуларин абураб. **Муъминзабазе щибго къварилъи гьечIого букIине ва гьезда лъазе жидер васал руго абун рукIарал гIадамаз риччарал руччаби рачизе бегьулеблъи, гьезул гIидда тIубараб мехалъ. Аллагьас гьабураб хIукму-къадар жиб тIубалеб, жиб хисулареб букIуна.** Гьеб хIукмуялда рекъон кьуна Аллагьас Зайнаб жиндир расуласе чIужулъун.

**38. Аллагьасул аварагасе ﷺ къварилъи букIуларо Аллагьас (عز وجل) жиндие парз гьабураб ва хIалал гьабураб жоялъулъ.** Гьедин хIалал гьабураб жоялдаса буго аварагасул гIемерал руччаби рукIинги**. Гьеб гIемерал руччаби рукIин церехун рукIарал аварагзабазул нух буго.** Гьеб нухалда рекъон Аллагьас МухIаммад аварагасеги изну кьун буго руччаби рачизе. Аллагьасул свалат салам лъеяв Давуд аварагасул нусго чIужу йикIанин абуна гIалимзабаца. Гьесул вас Сулейман аварагасулги лъабнусго чIужу йикIана, цогиги гъарабашалги рукIана бусаде ккурал (жидеда аскIов вегулел). **Гьаб буго Аллагьас жиб къадар гьабураб ва жиндие щибго хиси гьечIеб хIукму**.

**39. Гьел аварагзаби руго Аллагьасул рисалат умматалъухъе щвезабулел ва гьесул амруялда гIасилъизе хIинкъулел. ЦохIо Аллагьасдаса гурони цоги щивго чиясдаса жалги хIинкъуларел. Гьев Аллагь (عز وجل) гIезе вуго кинабго халкъалъе жинца хIисаб-мизан гьабулевлъун ва гьезие жаза гьабулевлъунги.**




**40. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад гьечIо нужер цониги чиясе эменлъун. Гьев вуго Аллагьас (عز وجل) жиндир дин малъизе витIарав расул ва аварагзабазул ахиравги. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалевлъун**.

**4I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагь рехсе кигIан кIваниги гIемер ва такрар гьабун рехсеялдалъун.**

**42. Ва нужеца гьев Аллагь (عز وجل) вацIад гьавун тасбихIги гьабе радалги къасиги гIужаз.**

**43. Гьев Аллагь вуго** нужеца гIибадат гьабизе хIакъав нужер БетIергьан, **жив кидаго нужеда гурхIулев, нужее кинабго рахъалъан лъикIлъи щвезеги бокьулев. Гьединго малаикзабацаги нужее дугIа гьабула ва нужер мунагьал рахчи тIалаб гьабула.** Гьеб кинабго лъикIлъи Аллагьас (عز وجل) нужее гьабулеб буго **купруялъул ва жагьиллъиялъул бецIлъиялдаса къватIире рахъун**

**нуж иманалъул нуралда тIоритIине. ХIакълъунго Аллагь муъминзабазда жив гурхIулев вуго.**

**44. Гьел муъминзабада къиямасеб къоялъ Аллагь (عز وجل) данде чIвараб мехалъ гьес салам кьун гьел кIодо гьарула. Гьезие Аллагьас цIакъ кIудияб ажруги хIадурун буго**.

**45. Я гьав авараг ﷺ! Дица мун витIун вуго дур умматалъе ва цереккун рукIарал киналго умматазеги дуца нугIлъи гьабулевлъун.** Киналго аварагзабаца жидер умматазухъе Аллагьасул рисалат щвезабуна абун. **Дуца муъминзабазда рохел бицуневлъунги.** Гьезие ахираталда алжаналъул нигIматал ругин абун. **Аллагьасде инкар ккураб къавмалъе хIинкъи кьолевлъунги,** гьезие ахираталда жужахIалъул гIазаб бугин абун.

**46. Аллагьасул амруялдалъун ва гьесул изнуялдалъун диналде халкъ ахIулевлъунги витIун вуго мун, жинца нур балеб чирахълъунги гьавун вуго Аллагьас (عز وجل) мун.** Дуца купру-ширкалъул бецIлъиялдаса исламияб диналде рачIулеб нух бихьизабулеб бугелъул, гьел гIадамазе мун вуго бакараб чирахъ гIадин ва гвангъараб бакъ гIадин.

**47. Дуца муъминзабазда рохелги бице, МухIаммад ﷺ, гьезие Аллагьасул рахъалъан цIакъ кIудияб цIоб-рахIмат буго абун.** Дунялалъул рокъор гьел иман-исламалда тIоритIун руго, ахираталда гьезие алжаналъул нигIматалги руго.

**48. Мун капурал ва мунапикъал гIадамазе бокьараб жоялда нахъвилълъун гьезие мутIигIлъуге. Аллагьас (عز وجل) дуда амру гьабураб хIалалъ ахIе дуца диналде халкъ. Гьез дуе гьабураб къварилъи хIехьон сабру гьабе, дуца тавакалги тIадегIанав Аллагьасде тIаме. Дуе Аллагь гIезе вуго жинда дур амру тIамулевлъун ва жинца дуе квербакъулевлъунги.** Аллагьасде таваккал тIамурав чиясе гьес дунялалъулги ахираталъулги умурал бигьа гьарула.

**49. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца муъминал руччаби рачараб мехалъ цинги гьезул цIарги тIамураб мехалъ, нуж гьезда аскIоргги регичIого – гьел руччабазда тIад гIидда гьечIо гьез нужее тIубазе кколеб.** Гьеб гIидда букIуна жинда аскIор регарал руччабаца гьабизе кколеб, гьезул рахIмоялда жаниб лъимер ккун бугеблъи яги гьечIеблъи лъазе, цоги росасе иналде цебе. Гьебги лъабго хIайиз бачIизе гIадаб заман буго. ХIайз бачIунарей чIужуялъ лъабго моцIалъ сабру гьабизе ккола. **Гьел нуж аскIор къачIого цIар тIамурал руччабазе нужеца дагьабго боцIи кье.** Гьезда цIар тIамун бугелъул гьезие дагьаб кумек гьабе кваналеб жо кьун, яги ретIелниги, гIарацниги кьун. **Цинги щибго зарал гьабичIого берцинаб хIалалъ гьелги жидерго агьлуялъухъе риччай.**

**50. Я гьав авараг ﷺ! Дица дуе чIужулъун рачине хIалал гьарун руго дуца жидее магьари кьурал узденал руччаби. Гьединго гьанимат гьабун щварал гьарабашалги хIалал гьаруна дуе. Дур инсул вацазул ва яцазул ясалги хIалал гьаруна чIужулъун рачине.**

**Дур эбелалъул яцазул ва эбелалъул вацазул ясалги хIалал гьаруна, гьел ясаз Аллагьасул диналъе гIоло гьижра гьабун мунгун цадахъ Мадинаялде рачIун ругони. Цо муъминчIужуялъ жиндир напс аварагасе хIалал гьабун кьуни магьари тIалаб гьабичIого, гьейги бегьула аварагас чIужулъун ячине, гьесие гьей чIужулъун ячине бокьани. Гьаб хIукмуги аварагасда хасаб хIукму буго, цогидал муъминзабазе жиб гьечIеб.**


Гьел муъминзабаца руччаби рачуна валиясул изнуялдалъун, кIиго нугIги гьоркьов вукIун, магьариде щиб бугониги боцIиги кьун.

**Киналго муъминзабазе фарз гьабураб руччаби рачиналъул ва гьезул гъарабашазул хIукму нилъеда лъалеб буго.** Гьаб аяталда жанир ругел хасал масъалаби руго жал аварагасе ругел ва гьесие бигьалъиялъе ругел. **Дуе къварилъи гьечIого букIине гьабуна гьеб хIукму. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго жиндир мунагьал рахчи кIудияв ва гурхIелги гIемерав.**

==========

Аллагь разилъаяв ХIузайфадтидаса хIадис бицана:

***Аварагас ﷺ абуна: «Дир напс жинде кодоб бугев БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун: Нужеца хIакъаб жоялдалъун амру гьаби ва мункараладаса нагью гьаби тани дун хIинкъун вуго нужеда Аллагьу ТагIалаяс балагь рештIинабилин абун. Цинги нужеца Аллагьасде (عز وجل) ахIи баниги Гьес нужер дугIаялъе жавабги кьезе гьечIо» - абун.*** Гьаб хIадис бицана Тирмизияс (ра).


الجزء الثاني والعشرون — سورة الأحزاب

تُرْجِي مَن تَشَآءُ مِنْهُنَّ وَتُـْٔوِيٓ إِلَيْكَ مَن تَشَآءُ ۖ وَمَنِ ٱبْتَغَيْتَ
مِمَّنْ عَزَلْتَ فَلَا جُنَاحَ عَلَيْكَ ۚ ذَٰلِكَ أَدْنَىٰٓ أَن تَقَرَّ أَعْيُنُهُنَّ
وَلَا يَحْزَنَّ وَيَرْضَيْنَ بِمَآ ءَاتَيْتَهُنَّ كُلُّهُنَّ ۚ وَٱللَّهُ يَعْلَمُ
مَا فِى قُلُوبِكُمْ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلِيمًا حَلِيمًا ﴿٥١﴾ لَّا يَحِلُّ لَكَ
ٱلنِّسَآءُ مِنۢ بَعْدُ وَلَآ أَن تَبَدَّلَ بِهِنَّ مِنْ أَزْوَٰجٍ وَلَوْ أَعْجَبَكَ
حُسْنُهُنَّ إِلَّا مَا مَلَكَتْ يَمِينُكَ ۗ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ
شَىْءٍ رَّقِيبًا ﴿٥٢﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا تَدْخُلُوا۟ بُيُوتَ ٱلنَّبِىِّ
إِلَّآ أَن يُؤْذَنَ لَكُمْ إِلَىٰ طَعَامٍ غَيْرَ نَٰظِرِينَ إِنَىٰهُ وَلَٰكِنْ
إِذَا دُعِيتُمْ فَٱدْخُلُوا۟ فَإِذَا طَعِمْتُمْ فَٱنتَشِرُوا۟ وَلَا مُسْتَـْٔنِسِينَ
لِحَدِيثٍ ۚ إِنَّ ذَٰلِكُمْ كَانَ يُؤْذِى ٱلنَّبِىَّ فَيَسْتَحْىِۦ مِنكُمْ ۖ
وَٱللَّهُ لَا يَسْتَحْىِۦ مِنَ ٱلْحَقِّ ۚ وَإِذَا سَأَلْتُمُوهُنَّ مَتَٰعًا فَسْـَٔلُوهُنَّ
مِن وَرَآءِ حِجَابٍ ۚ ذَٰلِكُمْ أَطْهَرُ لِقُلُوبِكُمْ وَقُلُوبِهِنَّ ۚ
وَمَا كَانَ لَكُمْ أَن تُؤْذُوا۟ رَسُولَ ٱللَّهِ وَلَآ أَن تَنكِحُوٓا۟ أَزْوَٰجَهُۥ
مِنۢ بَعْدِهِۦٓ أَبَدًا ۚ إِنَّ ذَٰلِكُمْ كَانَ عِندَ ٱللَّهِ عَظِيمًا ﴿٥٣﴾
إِن تُبْدُوا۟ شَيْـًٔا أَوْ تُخْفُوهُ فَإِنَّ ٱللَّهَ كَانَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمًا ﴿٥٤﴾

٤٢٥

**5I. Дуе ихтияр буго, я гьав авараг ﷺ, гьел руччабазул дуе бокьарал цIар тIамун нахъе риччазе ва дуе бокьарал дудаго аскIор тезеги. Дуца сордо базе аскIове инчIого тун рукIарал руччабазда аскIов аниги дуе щибго къварилъи гьечIо ва дуда гIайиб букIуларо. Гьаб Аллагьасул амруги гьел руччабазул ракI парахалъулеб, гьезул бер бохулеб амру буго. Гьел пашманлъизеги гьечIо ва гьел разиял рукIизе руго дуца гьезул щияй цоялъе кьураб жоялдаса.**

Гьел руччабазда лъараб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) аварагасе ﷺ ихтияр кьун букIин гьес жиндир руччабаздехун гьабулеб гIамал жиндие бокьухъин гьабизе, гьел Аллагьасул амруялда разилъула ва гьезие аварагас гьабураб гIамал квешги бихьуларо.

**ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужер ракIазда жаниб бугеб жоги. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жинда кинабго жо лъалев,** жинца гьабулеб ишалъулъ гIадлу битIарав, хIикмат камилав вуго. **Жиндир гурхIел-хIалимлъи гIемеравги вуго.**

**52. Гьал дуда ругел ичIго чIужуялде тIаде цогиги чIужу ячизе дуе хIалаллъуларо, МухIаммад ﷺ. Гьел руччаби хисизеги хIалаллъуларо дуе.** Гьезул цIар тIамун гьезул бакIалда цоги руччаби рачинеги хIалаллъуларо, **кигIанго дуда гьел цогидал руччаби берцин рихьун гьел дуе рокьаниги. Дуе гьаниматалдаса щварал гъарабашал хIалаллъула,** гьел руччабилъун рукIунарелъул. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) нужер киналго хIалал лъалев, гьезул хъаравуллъи ккурав вуго.** Гьев Аллагьасда лъаларо абун ракIалде ккун нужеца шаргIалъул гIорхъаби хвезаруге.

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) хирияв аварагасул ﷺ руччабазе ихтияр кьедал гьез дунялалъул берцинлъи, бечелъи тIаса бищизе, яги Аллагьги гьесул расулги, ахираталъул рукъги тIаса бищизе ва гьел руччабаца Аллагьги гьесул расулги тIаса вищидал, гьезул хIурмат гьабун, хирияв аварагасда ﷺ амру гьабуна гьел руччабада тIаде цоги руччаби рачунге абун ва гьезул цIар тIамун гьел нахъеги риччаге абун. (28-29 аяталде балагье).

**53. Я Гьал иман лъурал гIадамал! Нуж аварагасул рукъзабахъе лъугьунге, нужее изну кьун хадуб гурони.** Аварагасул хIурмат цIунун, гьесул руччабазе къварилъи гьабичIого букIизе. **Нуж тIагIам кваназе ахIараб мехалъ гьесул рукъзабахъе лъугьизе бегьила, гьеб тIагIам бежа-белъизегIан гьесул рокъор гIодор чIун чIечIого,** тIагIам хIадурараб мехалъ лъугьа рукъоре.

**Нуж ахIараб мехалъ рокъорги лъугьа, гьеб тIагIам кванараб мехалъ тIаде рахъун къватIиреги а. Гьесул хабаралда ракI гъун гIодор чIунги рукIунге,** нужго цоцаде хабар бицунелги рукIунге. **Гьедин нуж рукIин аварагасе ﷺ зарал гьабулеб иш буго. Гьев нечола нужедаса,** нуж тIаде рахъун къватIире аян абизе, **амма Аллагь нечоларо жинца хIакъаб жо бицизе ва битIараб нух лъазабизе.**

**Гьев аварагасул руччабаздаса цо жо тIалаб гьабулеб бугони нужеца гьеб тIалаб гьабе пардавалда нахъа чIун** – гьезул бадире балагьун чIечIого. **Гьедин гьаби бацIцIадаб ва лъикIаб буго нужер ракIазе ва гьезул ракIазеги.** Нич тIаса унеб, щаклъи кколареб буго. **Нужее изну гьечIо Аллагьасул расуласе щибго жоялдалъун зарал гьабизе.**


**Нужее хIалалаб гьечIо аварагасда рукIарал руччаби рачизеги, кинабго заманаялъ.** Гьезул хIурмат цIунизе рекъараб буго нужерго улбузул гIадин. Аварагасул ﷺ адаб цIунизеги тIадаб буго гьев чIаго вугеб мехалъги хвараб мехалъги. **Нужеца аварагасе зарал бугеб жо гьаби Аллагьасда (عز وجل) аскIоб цIакъ кIудияб мунагь буго.** Гьелдаса Аллагь тIаса лъугьуларо. Аллагьасул расуласе зарал гьаби Аллагьасе зарал гьаби буго.

**54. Нужеца щиб бугониги жо загьирго гьабуниги, гьеб бухчун, балъго гьабуниги,** тIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинда гьеб лъалев вуго, ва **кинабго махлукъаталъул ахIвал-хIал жинда лъалев вуго.**

==========

Аллагьасул расулас ﷺ абуна: ***«Мунапикъчи жиндалъун лъалеб лъабго гIаламат буго: Жинца хабар бицунеб мехалъ гьереси бицуна, жинца къотIи гьабураб мехалъ гьеб къотIи тIубазабуларо, жинда гьабураб божилъиялъе хиянатги гьабула»-абун. Гьелда тIадеги жубана: Жинца кIал ккуниги, как баниги ва жив бусурманчи вуго абун кIалъаниги - абун.***

Муслимица ва Бухарияс (ра) бицана гьаб хIадис.




**55. Муъминал руччабазда мунагь-хIакъ гьечIо гьез гьумер бахчичIо абун жидерго инсудасаги, васаздасаги, вацаздасаги. вацазул васаздасаги, яцазул васаздасаги, муъминал руччабаздасаги, жидер рукъор ругел гъарабашаздасаги. Нуж Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъа, я гьал муъминал руччаби, шаргIалъул гIорхъаби хвезаризе. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев**. Нужер ракIалда хъатIараб хивалги лъала Аллагьасда, нужер щибаб лагаялъул багъариги лъала.

Бусурманал руччабаца жидер берцинлъи бахчизе тIадаб буго капурал руччабаздасаги: гьез бусурбабазул берцинлъи жидерго росабазда бицун гьезул хьул лъечIого букIизе бусурманал руччабазда.

**56. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас ва гьесул малаикзабацаги свалат битIула кинабго халкъалда расуллъун витIарав аварагасда ﷺ.** Аллагьас свалат битIула абураб ргIиялъул магIна буго гьев Аллагь (عز وجل) жиндир расуласда гурхIула, гьесул даража-макъамги тIадегIан гьабула, гьев тущбабазул заралалдасаги цIунула, гьесие квербакъиги гьабула абураб.

Хириял малаикзабаца аварагасда свалат битIулин абураб ргIиялъул магIна буго гьез аварагасе дугIа гьабула гьесда Аллагь гурхIгиян, гьесул даража-макъам тIадегIан гьабегиян абун.

**Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужецаги свалат битIе гьев хирияв аварагасда ﷺ ва нужеца гьев кIодо гьавун гьесие саламги гьабе.** Нужеда тIад цIакъ кIудияб хIакъ буго гьев аварагасе тIубазе кколеб: гьев вугелъул нуж жужахIалъул гIазабалдаса хвасар гьарун нигIматазул алжаналда лъугьизариялъе сабаблъун вугев. Купру-ширкалъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде нуж тIоритIаравги. Гьедин бугелъул нужеца хирияв аварагасде ﷺ свалат салам гIемераб битIе. Гьесул цIар рехсанщинахъе: «Аллагьумма свали гIала МухIаммадин ва гIала алигьи ва ссаллим» абе.

**57. Жидеца Аллагьасе ва гьесул расуласе зарал гьабулел гIадамазе Аллагьас (عز وجل) лагIнат кьун буго дунялалдаги ахираталдаги.** Гьел Аллагьас жиндир рахIматалдаса ва гурхIел-цIобалдаса рикIкIад гьарун руго. **Ахираталда гьезие хIадурун буго жал гIодорегIан гьарулеб жужахIалъул гIазаб.**

**58. Муъминзабазе ва муъминал руччабазе гьезул щибго гIайибги гьечIого къварилъи гьабулел гIадамал руго жидеца бугьтан лъолел ва кIудияб мунагь гьабулел.**


**59. Я гьав авараг ﷺ! Дуца дур руччабазда абе ва ясаздаги абе, киналго муъминал руччабаздаги абе, жидеца бетIералдаги черхалдаги тIад гIатIидаб кIаз бай абун.** Черхалъул сипат бицулареб, гьумерги бахчулеб кIаз бай, жидеда канлъи бихьизе цо бер къватIибе баккунги те. Гьаб черх бахчи тIадаб буго руччаби рукъоса къватIире рахъулеб мехалъ. Гьаб ргIиги буго жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица бицараб.

**Гьедин черх бахчараб мехалъ гIадамазда лъала гьел рукIин муъминал руччаби:** жал узданал, жидеца къабихIаб гIамал гьабуларел**. Цинги гьезие заралги гьабуларо квешаб тIабигIат-гIамал хьвадизе гьабулел хIалихьатал гIадамаз. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго муъминзабазда гурхIулев, гьезул мунагьалги рахчулев.**

**60. Мунапикъзабиги, рекIелъ унти бугел иман загIипал гIадамалги, гьединго жидеца Мадинаялъул гIадамазда гьоркьоб гьересияб хабар бицун, гIадамазул ракIазулъе хIинкъи ва щаклъи лъугьине гьабулел гIадамалги нахъчIван чIечIони гьел квешал гIамалаздаса, дица мун гьезда тIаде тIамизе вуго, МухIаммад ﷺ,** гьезда рагъ гьабизе ва гьезие гIазаб гьабизе. **Цинги гьел дур мадугьалзабилъун Мадинаялда хутIизе гьечIо цIакъго дагьаб заманаялъ гурони:** гьениса лъутун къватIире инегIан заманаялъ гурони.

**6I. Жидеда Аллагьасул (عز وجل) ццим бахъараллъун, гьесул рахIматалдаса рикIкIад гьаруралъун ине руго гьел Мадинаялдаса нахъе. Кире жал ратаниги гьел муъминзабаца кквезе руго ва чIвазеги руго**. Гьел ругелъул Аллагьасул диналде данде чIарал, гьесул аварагасе ﷺ ва муъминзабазе зарал гьабулел гIадамал.

**62. Гьаб буго ццере рукIарал уматазулъги букIараб ТIадегIанав Аллагьасул нух ва гIадат, гьеб нухалъе щибго хиси букIунаро.**




**63. ГIадамаз дуда гьикъулеб буго, МухIаммад ﷺ, къиямасеб къоялъул хабар. Дуца гьезда абе, гьеб къиямасеб къо кида букIунеблъи тIадегIанав Аллагьасда лъала. Дудаги лъаларо, МухIаммад ﷺ, гьеб къиямасеб къо цIакъго аскIобе щун батизе бегьулеблъиги.**

**64. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагьас капурзабазе лагIнат кьуна ва гьезие ахираталда жужахIалъул цIадул гIазабги хIадурун буго**.

**65. Даимго рукIинелъун лъугьинарула гьел жужахIалъул гIазабалъулъ ва гьезие кумек гьабулев, гьел гIазабалдаса хвасар гьарулев гьудул-гьалмагъги, валиги вукIунаро.**

**66. Гьеб къиямасеб къо буго капурзабазул гьурмал жужахIалда жанир сверсвезарулеб къо:** цIеда жаниб маххул чIоралда тIад ххун, гьан бежизабулеб гIадин. **Гьел капурзабацаги абулеб: «Вай нижее бугеб къварилъи! Вай ниж Аллагьасдаги гьесул расуласдаги мутIигIлъун рукIараланищ!» - абун.**

**67. Жидецаги абула: «Я нижер БетIергьан! Ниж мутIигIлъун рукIана нижер сайидзабазда ва нижер церехъабазда. Гьез къосизаруна ниж битIараб нухалдаса.**

**68. Я нижер БетIергьан! Дуца гьезие гIазаб гьабе кIиго нухалъ цIикIкIун ва дуца гьезие цIакъ кIудияб лагIнатги кье!» - абун.**

**69. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж рукIунге жидеца Муса аварагасе къварилъи гьабурал гIадамазда релълъун. Аллагьас (عز وجل) Муса (гIв) вацIцIад гьавуна гIадамаца жинда чIвараб гIайибалдаса. Гьев Муса авараг БетIергьан Апллагьасда аскIов цIакъ къадру бугев вукIана.** Жиндир дугIаялъе жаваб гьабулевлъун вукIана, жинда Аллагьас калам гьабурав Калимуллагьги вукIана.

**70. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа.** Гьев Аллагьасда (عز وجل) гIасилъи гьабуге. **Нужеца хIакъаб, битIараб рагIиги бице**

**7I. Нуж Аллагьасдаса хIинкъун хьвадани Аллагьас нужее лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъ кьела, гьабураб гIамалги къабул гьабила. Нужер мунагь-хатIаалдаса гьев тIасаги лъугьина. Аллагьасеги гьесул расуласеги мутIигIавлъун хьвадарав чиясул цIакъ кIудияб лъикIлъиялда ва Аллагь разилъиялда квершел батула.**


**72. Дица зобалаздаги, ракьалдаги, мугIруздаги дир аманат тIад босилищан бакка-бахъи гьабуна. Гьел разилъичIо аманат тIад босине ва жал хIинкъана гьеб аманат баччине ва тIубазе кIвеларин абун. Дир аманат тIад босана инсанас. Гьеб аманат тIад босулеб гIужалъ инсан жиндирго напсалъе зулму гьабулевлъун вукIана:** Жинца гьеб напсазда захIмалъулеб, напсалъе

рихараб ва бокьулареб жо тIад босиялдалъун. **Гьеб аманат тIаде босиялдалъун жинда тIад бачIунеб амруялъул хIакъикъикъат лъаларевги вукIана.**

**73.** гьеб аманат инсанас тIад босиналда жаниб хIикмат букIана: **Аллагьас мунапикъал бихьиназе ва руччабазе гIазаб гьабизе, гьединго жидеца ширк гьабурал бихьиназеги руччабазеги гIазаб гьабизе. Аллагьас (عز وجل) муъминал бихьиназул ва руччабазул тавбуги къабул гьабизе,** гьезие ахираталда алжаналги насиб гьаризе. **ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго жив муъминзабазда цIакъ гурхIулев, жинца гьезул мунагьал чурулев.**

Аллагьасул (عز وجل) тавпикъалдалъун суратул АхIзабалъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго.




**34. Сурату Сабаъ**

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда анцIила ункъго аят бугеб.

**I. Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго.** Киналго нигIматазул бетIергьан гьев Аллагь вугелъул, инсанас гьабулеб щукру ва рецц щив чиясе гьабуниги- гьеб Аллагьасе гьабураб щукру ва рецц букIула. Нилъее нигIматал кьеялъе сабаблъун Аллагьас жиндир махлукъат гьабуниги, гьеб нигIмат кьолев ва гьелъул хIакъикъияв бетIергьан тIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго.

**Гьев Аллагьасул (عز وجل) мулк буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъат. Ахираталдаги кинабго щукру ва рецц Аллагьасе буго. Гьев вуго жиндир тадбир хIакимияв:** лагъзадерие маслихIат бугеб хIукму гурони жинца гьабуларев, **жинда лагъзадерил киналго хIалал лъалевги вуго;** загьирабги балъгоябги, кIалалда бугебги ракIалда бугебги лъалев вуго.

**2. тIадегIанав Аллагьасда лъала ракьалда жаниб лъугьулеб жо:** хварал чагIи ракьулъе лъугьин лъала, цIад бан гьелъул лъим ракьулъе лъугьинги лъала, гъветI-хералъул кьибил ракьулъе лъугьинги лъала. **Гьеб ракьулъан къватIибе бачIунеб жоги лъала Аллагьасда:** хур-хер бижун бачIин, иццал-лъарал раккун рачIинги лъала. **Зодиса рещтIулеб жоги лъала Аллагьасда (عز وجل):** цIад рещтIинги, рахIматалъул яги гIазаб гьабулел малаикзаби рещтIинги лъала. **Гьел зобалазда бахунеб жоги лъала Аллагьасда:** лагъзадерил лъикIал гIамалал ва гьез Аллагьасдехун гьабулеб гьари ва хIели бахула зобалазда. **Гьев Аллагь вуго жив лагъзадерида гурхIулев, жинца мунагьалги чурулев**. Жинда мутIигIал лагъзадерил гIамал къабул гьабун, гьезул дугIаялъе жаваб гьабун, жегиги лъикIаб гIамал гьабизе тавпикъ кьолев, жинда гIасилъарал гIадамазе гIазаб гьаби хех гьабичIого, гьезие тавбу гьабизе рес кьолев.

**3. Аллагьасдаги ахираталдаги инкар ккурал гIадамаца абулеб буго нижее къиямасеб къо бачIине гьечIин абун. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ; гьеб бачIине бугин гьедула дун дир БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун - абун. Жинда балъгоябги жо лъалев Аллагь (عز وجل) вуго гьев. Гьесул лъаялдаса борчIун кколаро цохIо зарагIадаб жоги. Зобалазда бугониги лъала Аллагьасда гьеб, ракьалда тIад бугониги лъала. Гьеб зарраялдасаги гьитIинаб бугониги лъала, гьелдаса кIудияб бугониги лъала. Гьеб кинабго жо Аллагьасда аскIоб бугеб тIехьалда хъван буго ва гьесул гIелмуялъулъ буго.**

Гьеб гьитIинаб зарраги балъго хутIулареб мехалъ жиндир лагъзадерил ахIвалалги лъаларищха Аллагьасда. Гьесда аскIоб киналго лагъзадерил гIамалал малаикзабаца хъван хIадур гьарун рукIула.


Гьаб къиямасеб къо бачIине буго:

**4.** Гьаб къиямасеб къо бачIине буго **Аллагьас алжаназдалъун жаза гьабизе жинда иман лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзабазе. Гьел руго жидее Аллагьасул рахъалъан мунагьал рахчи бугел ва хирияб, сахаватаб алжаналъул ризкъиги бугел.**

**5. Жидеца дун гIажиз гьавилин, дидаса бергьилин ракIалде ккун, дир Къуръаналда гIайиб чIван ва дир авараг гьереси гьавун хьвадарал гIадамал руго жидее ахираталда цIакъ квешаб гIазаб бугел, жинца унтизабулеб даимаб гIазабалъулъ жал рукIунел.**

**6. Жидее гIелму-лъай кьурал асхIабзабазда лъала, гьезда хадур рачIарал Аллагьасдаса хIинкъулел гIалимзабаздаги лъала Аллагьас (عز وجل) дуде рещтIизабураб Къуръан хIакъаб жо букIин. Гьеб Къуръан Аллагьасул хIакъаб диналда ва битIараб нухда тIоритIулеб жо букIинги: жиндир гуч бергьарав, жив вещцарав Аллагьасул дин буго гьеб.**

**7. Жидеца Аллагьасде инкар ккурал Маккаялъул мушриказ абуна: «Нижеца вихьизавилищ нуж хун ва гьан-ракьа тIутIун ун хадуб цIидасан чIаго гьарун тIаде рахъинаризе ругоян жинца абулев чи?» - абун.**




**8. Цогиги гьел мушрикаца абуна: «Гьев чи вуго жинца Аллагьасде гIунтIизабун гьереси бицунев, яги жив жундуца ккурав чи» - абун.** Гьезул рагIи нахъчIван тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абулеб буго: гьав авараг гьечIо жинца гьереси бицулев яги жив жундуца ккурав. **Ахираталде иман лъечIел гIадамал руго жидее жужахIалъул гIазаб букIине бугел ва хIакъаб жоялдаса цIакъ рикIкIадаб къосиналъулъ жал ругел.**

**9. Гьел мушрикал балагьуларищ жидеда цебеги, жидеда хадубги ва жидер киналго рахъазда сверун лъугьун ругел зобалаздаги ракьалдаги. Дие бокьани дица гьел мушрикал ракьалда жанир кквезарила, яги гьезде тIаде зодисан гIазаб рещтIинабила.** Цинги бугищха гьезул дир гIазабалдаса рорчIизе бакI ва гьеб гIазаб нахъчIвазе хIалкIолъи? **Гьаб бицараб жоялда жаниб жинца пикру гьабулев, жив тавбуялдалъун Аллагьасде вуссунев лагъасе гIаламатал руго Аллагь цо вукIиналде ва гьесул хIалкIолъиялде жидеца тIоритIел гьабулел.**

**I0. БичасхIаги, дица Давуд аварагасе кьуна дир рахъалъан хиралъи ва тIокIлъи. Дица абуна: «Я гьал мугIрул! Нужеца гьав Давуд аварагасда цадахъ дие тасбихI гьабе, нужецаги гьабе дие тасбихI, я хIанчIи!» - абун. Дица гьев Давуд (гIв) аварагасе маххги тамах гьабуна.**

**II. Дица гьесда абуна: «Дуца гIатIидал, рагъухъабазул черх цIунулел къолденал гьаре. Гьеб къолденалъул хьухьин ва гIуцIи мухIканаб, жиндаса мунпагIат босулеб хIалалъ гьабе. Давудил (гIв) агьлуялдаги абуна нуж и**нсул хиралъиялда ва гьесул хIалтIиялда божун рукIунге. Нужеего дунялалъеги ахираталъеги гIамал гьабе. **ХIакълъунго дун вуго нуж киназго гьабулеб гIамал дида бихьунев.** нужер гIамалазда рекъараб жазаги гьабизе буго.

**I2. Дица Сулейман (гIв) аварагасе гьуриги квегъана.** Гьеб гьуриялъул хехлъиги цIакъ кутакаб букIана: **радалалдаса къалъизегIан гьелъ толаан цо моцIалъ лебалал жидеда рекIунел хIайваназ толеб гIадаб нух. Къалъаралдаса къасилъизегIанги гьедигIанабго нух толаан.**

**Дица гьев Сулеймание (гIв) тIохьиги чвахизабуна:** Лъим гIадин ракьалда тIад хьвадулеб хIалалъ тамах гьабуна Сулеймание тIохьи – гьесул эмен Давудие маxх тамах гьабураб гIадин. Гьеб маххги тIохьиги тамах гьаби Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан бугеб баянаб ва загьираб мугIжизат букIана гьев кIиявго аварагасе.

**Гьединго Сулейман аварагасе дица жундулги квегъана,** гьесие хIалтIи гьабизе ва гьесие хъулухъ гьабулеллъун рукIизе. Гьез гьабулеб букIана гIадамазда жиб гьабизе кIоларе захIматаб ва гIемераб хIалтIи. **Гьеб кинабго жо Аллагьасул (عز وجل) амруялдалъун ва гьесул хIукмуялдалъун букIана.**

**Сулейманил (гIв) амруялда гIасилъарал жундузда дица цIакъ боркьараб жужахIалъул гIазаб чIамизабизе буго.**


**I3. Гьел жундуца Сулейман (гIв) аварагасе ралел рукIана рорхатал ва кутакал кIалгIаби. БатIи-батIиял къаркъалабиги (статуял) гьарулел рукIана.** Маххалъул, тIохьиялъул ва цогидабги жоялъул. Гьеб Сулейманил шаргIалда статуяби гьари хIарамаб букIинчIо, гьезие лагълъи гьаби хIарамаб букIана. Нилъер шаргIалда статуяби гьари хIарам гьабуна гьезие лагълъи гьабизе гIадамал лъугьинчIого рукIизе.

**ЦIакъ кIудиял гъадарабиги (хIарччал, боганал) гьарулел рукIана шайтIабаца:** жидеда жанибе лъим тIураб мехалъ хIор буго абун кколел. **Гьединго чIахIиял хьагалги гьарулаан цо бакIалда лъун рукIулел,** доре-гьанире росизе кIоларел. **Дица гьев Сулейманида ва гьесул агьлуялдаги абуна: «Нужеца Аллагьасе (عز وجل) щукру гьабе гьал кIудиял нигIматал жинца нужее кьурав» - абун.**

Нужее авараглъиги кьун, жундулги квегъун, маxx-тIохьиги тамах гьабун ва цогиги гIемерал нигIматал кьун ругелъул, нужеца Аллагьасе щукру гьабун гьесие гIибадат гьабе ва гьев разилъулеб гIамал гьабе.

**Ва амма нигIматазда жидеца щукру гьабулел гIадамал дир лагъзадеридаса цIакъго дагьал гурони гьечIо.** Гьеб ргIиялдалъун ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) кантIизарулел руго жиндие щукру гьабизе тIадаб букIиналда ва гьеб щукру гьабиялде гьесизарулелги руго.

**I4. Дица гьев Сулейман (гIв) авараг хвезавураб мехалъ гьев хун вукIиналда гIадамал ва жундул кантIизаричIо гьесул гIанса кванараб хIапараялъ (хIутIалъ) гурони. Гьеб гIансаги бегун Сулейманил къаркъала гIодобе бортун индал жундузда** лъана гьев хун вукIараблъи **ва гьел балъгояб жо лъалел рукIаралани** жидеда Сулейман (гIв) хун вукIинги лъазе кколеб букIараблъи ва **жал гIемераб заманаялъ захIматаб хIалтIи гьабулел хутIине рукIинчIеблъиги.**




**I5. Валлагьи, цIакъ кIудияб гIаламат букIуна Сабаалъул къавмалъе гьез гIумру гьабун бугеб ракьалда** Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда тIоритIел гьабулеб. **Гьезул шагьаралъул кваранаб ва квегIаб рахъалда цIакъ кIудиял ахал рукIана** гьезда жаниб батIи-батIияб тIагIамаб пихъ бижулел, жанисан лълъимал хьвадулел, жидер ргIдукь чIун гIадамаз рахIат гьабулеб. Дица гьел гIадамазда авараг витIун, гьесул мацIалдалъун абуна н**ужеца кванай БетIергьанасул ризкъи ва гьеб ризкъи нужее кьурав Аллагьасе щукруги гьабе. Гьаб нуж жанир чIун ругеб ракь цIакъ лъикIаб ракь буго,** нужер БетIергьанги **мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вугоян абун.**

**I6. Гьел Сабаалъул къавмги Аллагьасда (عز وجل) иман лъеялдаса ва гьесул расуласе (гIв) мутIигIлъиялдаса руссана, гьез Аллагьасул нигIматазе щукруги гьабичIо. Цинги дица гьезде тIаде биччана жидер сангарал риххунел иххал ва лъарал.** Иххал абула кутакаб цIад бадалго сали-хIашгун жубан бачIунеб лъималда. **Дица гьезул бечедал ахазул бакIалда бижизабуна жиндир пихъ кьогIаб, жибгоги кваназе кIолареб заз-хъарахъ, асалалъул гъутIби ва дагьабго сидроялъул гъутIбиги.** Гьаб жо буго гIадамаз рехун тараб, жиб къачIаларе гIалахалда бижунеб гъветI-хер.

**I7. Гьаб жаза гьабуна дица сабаалъул къавмалъе, гьез Аллагьасдеги, гьесул нигIматаздеги инкар ккураб мехалъ. Гьадинаб квешаб жаза гьабулищха капурал гIадамазе гурони?**

**I8. Дица Сабаалъул росабаздаги ва жиделъ баракат бугел Шамалъул ракьалда ругел росабазда гьоркьоб цоял цоязда рихьулел, жал цоцазда гIагарда ругел росаби гьаруна. Сабаалдаса Шамалде унел гIадамазе щибаб къоялъ индал къаси сордо базе цо росулъан цоги**


**росулъе щолеб хIал гьабуна. Дица гьездаги абуна: «Нуж хьваде гьал росабазда гьоркьор ва нужеца сапар гьабе сардилъги, къадги, нуж щибго хIинкъичIого» - абун.**

**I9.** Гьал нигIматазда щукру гьабичIого ва Аллагьасе мутIигIлъичIого жидее бугеб рахIат-лазат чIалгIун, гьел гIадамаз абуна: **Я нижер БетIергьан! Дуца нижер сапар халат гьабе:** нижер росаби цоцаздаса рикIкIад гьаре- **абун. Гьез жидерго напсазе зулму гьабуна Аллагьасул (عز وجل) нигIматазда инкар ккун. Дица гьеб къавмги гьабуна хадусел умматазе жидер къиса бицунеллъун.** Гьел гьалаг гьарун, гьезул росаби чIунтинарун, гьезул бицен нахъе хутIана, гьезул наслу-тухум тIагIана. **Дица гьел тIетIезарун, рикьизарун, батIи-батIияб бакIалде ккезаруна. Гьаб Сабаалъул къавмалъул къисаялъулъ пикру гьабулев чиясе вагIза-насихIат ва гIибрат буго. Жидеца балагьазда сабру гьабулел, Аллагьасул нигIматазда щукру гьабулел гIадамазе Аллагь (عز وجل) цо вукIиналда, гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламаталги руго.**

**20. Гьал хIакъаб диналдаса къосарал гIадамал иблисалъ жиндир мурад тIубарал гIадамал руго:** иблисалъе гьел жинда нахърилъэинаризе бокьун букIана, **гьел иблисалда нахъги рилъэана, Аллагьасда иман лъурал гIадамазул дагьабго къокъа хутIинегIан.**

**2I. Гьеб иблисалъул ихтияр ва гьунар букIинчIо гIадамал къосизаризе.** Гьеб иш гьабуна **Аллагьасе загьираб лъаялдалъун лъазе жидеца ахираталда иман лъуралги гьеб ахираталъул хIакъалъулъ жал щакдарулел ругелги гIадамал. Дур БетIергьан Алллагь жинда кинабго жо лъалев ва жинца гьелъул тадбир гьабулев вуго.** Гьел лагъзадерил гIамал хъварал кагътал нахъе цIунулев вуго.

**22. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад ﷺ: Нужеца ахIи бай Аллагьги (عز وجل) тун жидее лагъэъи гьабурал аллагьзабазда. Гьел аллагьзабазул гьунар гьечIо, гьезул хIалги кIоларо цохIо зарра гIадаб жо гьабизе зобалазда жаниб ва ракьалда тIад бугеб махлукъаталъе. Гьел аллагьзаби Аллагьасе гIахьалчагIилъунги гьечIо** зобал-ракьал рижиялъулъ ва гьезул тадбир гьабиялъулъ. **Гьев БетIергьан Аллагьасе гьезул щибго квербакъиги гьечIо.** Гьев Аллагь (عز وجل) гьезда хIажатавги гьечIо.




**23. Къиямасеб къоялъ Аллагьасда (عز وجل) аскIов цогидасе шапагIат гьабун кIалъазе кIолев чи вукIуларо, гьес шапагIат гьабизе изну кьурав чи гурони.** Гьел руго аварагзаби (гIв) Аллагь жидеда разиял муъминзаби ва Аллагьасул диналъе гIоло рухI бичарал шагьидзабиги. **Жидеца шапагIат гьабизе изну кьураул ракIаздаса хIинкъи араб мехалъ, гьез цояз цояздехун абула: нужер БетIергьан Аллагьас щиб жо абураб? - абун. Жидеда доб суал гьабураз абула Аллагьас хIакъаб жо абунаян абун.** Гьес нилъее изну кьуна муъминзабазе шапагIат гьабизе. **ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жиндир даража тIадегIанав, жиндир ханлъи ва хIалкIолъи кIудияв.**

**24. Дуца дудехун дагIба-къец гьабулел мушриказда абе, МухIаммад ﷺ, Зобалаздасаги ракьалдасаги нужее ризкъи кьолев щив вугев?- абун.** Гьез дуе жаваб гьабуларо ва гьезул жаваб гьабизе ресги букIуларо, гьев цохIо Аллагь (عز وجل) вуго абун мукIурлъи гуреб. **Гьез жаваб гьабичIони дуца абе Аллагь вуго гьев жинца ризкъи кьолев Разикъ. Ниж ругониги, яги нуж рукIаниги нилъер цоял хIакъаб, битIараб диналда ругоха, яги баянаб, тIубараб къосиналъулъ ругоха** - абун.

ХIакъаб диналда муъминзаби рукIин мухIканаб иш бугониги, Аллагьас (عز وجل) жиндир аварагасда ﷺ лъазабулеб буго жинда данде вугев дагIбадуласда квешаб, ракI бекулеб хитIаб гьабичIого, гьесул ракI холареб хIалалъ калам гьабизе. Гьадинаб калам гьабураб мехалъ дагIбадулав ургъизе рес букIула ва гьесие вагIза-насихIаталъ мунпагIат гьабизеги бегьула.

**25. Жегиги дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, Аллагьас къиямасеб къоялъ нужеда гьикъизе гьечIо нижер мунагьаздаса ва нижедаги гьикъизе гьечIо нужер гIамалаздаса»-абун.** Гьабги буго жегиги аварагас жиндир напс гIодобегIан гьаби ва жинда данде вугев дагIбадуласул хIурмат гьаби жинца баян гьабулеб рагIи.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Аллагьас абулеб буго дуца гьезда абе: «Нижер мунагьаздаса нижеда гьикъизе буго, нужеца гьабураб гIамалалдаса нужеда гьикъизе буго» - абун. Мунагьал муъминзабазул напсазда гIунтIизаруна, авараг гьезул рахъалда вугев дагIбадулав вугелъул. Жинда данде ругел мушриказда абуна «нужер гIамал» абун. Гьаб рагIи жиндир пикру гьабизе рекъараб ва жиндаса вагIза босизе мустахIикъаб буго.

**26. Дуца абе, МухIаммад ﷺ: Аллагьас нужги нижги данде гьаризе руго къиямасеб къоялъ, цинги нилъеда гьоркьоб Аллагьас (عز وجل) хIакъаб ва битIараб хIукму гьабизе буго. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго хIакъаб жоялдалъун хIукму гьабулев, халкъалъул киналго хIалалги жинда лъалев.**


**27.** Дуца мушриказда абе, МухIаммад ﷺ: **дида рихьизаре нужеца жидее лагълъи гьабулел аллагьзабиян** абун. **ГьечIо гьел хъанчал жидее лагълъи гьабизе мустахIикъал. ЦохIо Аллагь (عز وجل) вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав, жиндир гуч бергьарав хан ва жиндир гIадлу битIарав хIаким.**

**28. Дица мун** расуллъун витIун гьечIо, МухIаммад ﷺ, цохIо гIарабиязда, **Дица мун витIун вуго кинабго халкъалда расуллъун. Гьезул мутIигIазе алжаналдалъун рохел бицине, гьезул Аллагьасда гIасилъаразе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъиги кьезе. Киннигги гIадамазул гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго.**

**29. Мушриказ абулеб буго кидаха бугеб нижее гIазаб гьабилин абураб къотIи, нуж битIараб жо бицунел ратани абун.**

**30. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, нужее къотIи гьабураб гIазаб бачIин хIакъаб жо буго. Гьеб гIазаб гьабулеб къо цохIо лахIзаталъ нахъги бахъуларо, цохIо лахIзаталъ цебеги гьабуларо.** Нужее бокьухъин букIунаро Аллагьасул амру ва хIукму.

**3I. Маккаялъул капурзабаца абуна нижеца гьеб дуца цIалулеб Къуръаналда иман лъеларин, гьелдаса цере рещтIинарурал тIахьаздеги иман лъеларин - абун. Дуда рихьизе ругелани, МухIаммад ﷺ гьел капурзаби къиямасеб къоялъ Аллагьасда (عز وجل) цере эхетизарун чIезарун рукIунеб хIал. Гьел цоял цояздехун къацандулеб хIалги.**




**Жал лагълъиялда ва загIиплъиялда рукIарал гIадамаз жидеца ханлъи ва гIамалкIодолъи гьабун рукIарал тIадчагIаздехун абула: нуж рукIинчIелани ва нужеда нахърилълъунги рукIинчIелани ниж Аллагьасда иман лъураллъун рукIилаан - абун.**

**32. Цинги гьел церехъабаца абула жидеда нахърилълъун рукIаразда: нижецайищха нуж битIараб нухдаса ва хIакъаб диналдаса руссинарурал, нужехъе хIакъаб дин бачIун хадуб?** ГьаричIо. Нилълъехъ цохIо авараг вачIана ва нилъеда цохIо дагIватги гьабуна. **Нуж руго нужецаго куфру-ширк ва мунагьал гьарурал - абун.**

**33. Цинги жал загIипаллъун рукIарал гIадамаз дол церехъабилъун рукIаразда абула:** рукIинчIо ниж купру-ширкалда**. Нужеца релъедалги къадги макру гьабун, гуккун, нахъчIвана ниж хIакъаб дин бихьиялдаса ва гьеб дин гьабиялдаса. Нужеца амру гьабулеб букIана нижеца Аллагьасде (عز وجل) инкар ккве абун ва гьесдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабе абунги. Гьаб кIиябго къокъаялъ цIакъ кIудияб пашманлъи рекIелъ бахчун букIуна жидеца ширк гьабиялда ва Аллагь цо гьавун гьесие**

**гIибадат бацIцIад гьабунгутIиялда. Гьаб пашманлъи гьезда бачIуна жидеда жужахIалъул гIазаб бихьараб мехалъ. Дица капурал гIадамазул габуралда гудралги рала.** Маххул рахсал ва гудрал рала капурзабазул габуралда, жужахIалъул цIадул гIазабалде тIадеги. **Гьаб кинабго гIазаб гьазие гьабулищха жидеца гьабураб гIамалалъе жазалъун букIун гурони**? Гьабуларо.

**34. Дица цониги къавмалда ва росдал агьлуялда витIарав авараг хутIичIо, гьеб къавмалъул чIухIарал ва зулмуял церехъабаца абичIого: нижеца инкар кколеб буго нуж жиндалъун нижехъе ритIараб диналдаян абун.**


**35. Маккаялъул мушриказги абуна: нижер боцIи-мал гIемераб буго, васалги гIемер руго, тухум-кьибилги кIудияб буго. Нижее гIазаб гьабизе гьечIоян.** Гьез абуна: нижедасан Аллагь ( عز وجل) разияв вукIиналъ кьун буго нижее дунялалъул бечелъи. Ахираталдаги Аллагьас нижее гIазаб гьабизе гьечIоян- абун. Гьезул ракIазулъе дунялалъул бечелъи гурони лъугьулеб гьечIо, гьезул пикруги боцIи-малалде буссараб, гьелда машгъуллъараб буго. Гьедин бугелъул гьез ахираталъул амруги дунялалда борцунеб буго.

**36. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, Дир БетIергьанас ризкъи гIатIид гьабун кьола жиндие бокьарав чиясе, жиндие бокьарасе ризкъи къваридги гьабула.** Гьеб гьечIо инсанасул бахьибуголъиялда ва бахьикъосиналда рекъон букIунеб иш. Инсанасул бахьибуголъи бараб буго гьесул рекIелъ бугеб иманалда ва гьесул черхалъ гьабулеб гIамалалдаги.

**Киннигги гIадамазул гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго.** Дунялалъул боцIи инсан гуккулеб жо букIин жидеда лъаларел руго. Гьеб боцIи жидее кьурав БетIергьан Аллагь вукIин лъаларел, гьесие гIибадат гьабуларел руго. Гьаб амру баян гьабун тIадегIанав Аллагьас хадубги абулеб буго:

**37. Гьаб нужер боцIи-малги, лъималги гьечIо жинца нуж Аллагьасде гIагар гьарулеб жолъун. Аллагьасда гIагарлъула жинца гьесда иманги лъун гьесул расуласда ﷺ нахъги вилълъун, лъикIаб гIамал гьабурав муъминчи. Гьал руго гьез гьабураб гIамалалъул ажру-кири жидее Аллагьас гIемерго цIикIизабулел ва алжаналда жанир, гьеб алжаналъул рукъзабахъ, щибго жоялъул ургъел ва хIинкъи гьечIеллъун рукIулел гIадамал.**

**38. Дир Къуръаналъул аятал хвезаризе, диналдаса халкъ нахъчIвазе хьвадулел,** жидеда дир гIазаб щвеларин, **гьелдаса жал рорчIилин ракIалде ккун рукIулел гIадамал,- жужахIалъул гIазабалъулъ рукIизе руго ва** малаикзабаца ракIарун гьенир жанире къотIизе руго, гьенисан къватIиб нухги букIизе гьечIо.




**39. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, дир БетIергьан Аллагьас (عز وجل) жиндие бокьарав чиясе ризкъи гIатIид гьабун, хIисаб гьечIого кьола, жиндие бокьарасе ризкъи къваридги гьабула. Нужеца гьеб ризкъиялдаса Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун напакъаде ва садакъаде щиб жо кьуниги, Аллагьас нужее гьелъул бакIалда гьелдасаги лъикIаб жо кьола. ХIакълъунго гьев Аллагь (عز وجل) вуго жидеца ризкъи кьолезул бищунго лъикIав - абун.**

---

Аллагь разилъаяв Жабир асхIабасдаса хIадис бицана:

Бичасул расулас ﷺ абуна: ***«Нуж зулму гьабиялдаса цIуне, хIакълъунго гьеб зулму къиямасеб къоялъ кIудиял бецIлъабилъун букIуна. Нуж хъантIараб бахиллъиялдасаги цIуне, гьеб хъантIиялъ ва бахиллъиялъ нужеда цIере рукIарал умматал цоцазул би гIодобе тIеялде ва цоцазул боцIи-мал хIарамаб нухалда кваная лде рачана» - абун.*** Гьаб хIадис Маслимица (ра) бицана.

**40. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) кинабго халкъ тIаде бахъизабулеб гIужги рехсе, МухIаммад ﷺ дуца. Ц**ересел умматазул ва гьаб дур умматалъулги

мушрикалги тIаде рахъизарулеб. **Цинги малаикзабазда гьикъула гьал гIадамалищ ругел жидеца нужее лагълъи гьабулел рукIарал?- абун.** Малаикзаби аллагьзабилъун ккурал мушриказда гьабула гьеб хитIаб.

**4I. Малаикзабаца абула: СубхIанака – мун вацIцIадав вуго Аллагь ва тIадегIанавги вуго. Мун вуго нижер вали ва ниж руго дур лагъзал.** Нижеда рекъоларо гIадамаз нижее лагълъи гьаби**. Гьез лагълъи гьабулеб букIана щайтIабазе ва гьезул гIемерисеца гьел щайтIабазда букIана иман лъолеб.** ЩайтIабаца бицараб жоялда нахърилълъун абулеб букIана мушрикаца малаикзаби Аллагьасул ясал ругин абун ва гьезие лагълъи гьабулеб букIана.

**42. Жакъа нужер цонигиязда кIоларо цоцазе мунпагIат яги зарал гьабизе. Жидеца купру-ширкалдалъун напсазе зулму гьабурал гIадамазда дица абула: гьанже нужеца гьаб жужахIалъул гIазаб чIаме, дунялалда ругеб мехалъ гьаб гьереси гьабулеб букIин сабаблъун - абун.**

**43. Гьел мушриказе дир Къуръаналъул жидер хIукму баянал аятал цIалараб мехалъ, гьез абулеб буго: «Гьав вуго нуж умумуз гьабулеб букIараб диналдаса руссинаризе бокьарав чи.** Гьав чи авараг гьечIо. **Гьас цIалулеб жоги жинцаго ургъараб гьереси бугоян абун. ХIакъаб жо жидехъе бачIараб мехалъ гьелда инкар кколел гIадамаз абулеб буго гьаб Къуръан жиб бянаб сихIру гурони гьечIин абун.**

**44. Дица Маккаялъул мушриказе гьелдаса цебе цоги тIехьги кьун букIинчIо, жидеца гьеб цIалулеб. Дудаса цевеккун дица гьезухъе цоги расулги витIун вукIинчIо, гьезие хIинкъи кьолевлъун.** Гьел мушриказ МухIаммад ﷺ авараг кинха гьереси гьавулев? Щиб жоялда борцунеб гьез гьаб Къуръанги гьав авараги гьел гьересиял рукIин жидеда лъазе?

**45. Гьездаса цере рукIарал умматацаги гьереси гьаруна жидеда ритIарал аварагзаби. Гьел цIакъ къуват гуч бугел рукIана, жидер ханлъи ва бечелъиги кIудиял рукIана. Маккаялъул мушриказул къуватги бечелъиги бахунаро дозие кьун букIараб жоялъул анцIил бутIаялъулги анцIил бутIаялде. Гьез дир аварагзаби гьереси гьаруна. Дица кинха гьел гьалаг гьарурал!** Дица гьезул рижин бакъвазабуна, росо-ракьги тIагIизабуна. Гьел къавмал гьалаг гьарурав Аллагьасда ( عز وجل) кIола гьал Маккаялъул мушрикалги гьалаг гьаризе.

**46. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, дица нужеда вагIза гьабулеб буго цо жоялдалъун: нуж хIакъаб жо лъазабизе ва гьеб загьир гьабизе Аллагьасе гIоло тIаде рахъа цо-цо ругониги, кIи-кIи ругониги ва нужеца пикруги гьабе гьав МухIаммад аварагасул хIакъалъулъ. Нужеда лъазе буго гьев жундуца ккурав чи гьечIеблъи** ва гьес цIалулеб Къуръанги Аллагьасул калам букIин. **Гьев авараг ﷺ вуго нужее хIинкъи кьолев чи гучаб жужахIалъул гIазаб бачIинелде цебе,** нуж кантIеян ва гьеб гIазабалдаса цIунеян абун.

**47. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, дица нужедаса ужра-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо нужехъе Аллагьасул (عز وجل) рисалат щвезабиялда данде. Дие бугеб ажру гьечIо цохIо Аллагьасда гурони – гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев.** Дица бицулеб ва гьабулеб жо лъала гьесда ва нужеца гьабулеб жоги лъала. Щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаги гьабула.

**48. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, Дир БетIергьан Аллагь вуго жинца хIакъаб жо загьир гьабулев** ва гьелдалъун батIулаб жо хвезабулев. **Жинда балъгояб жоги лъалев вуго гьев Аллагь.** Инсанасда бихьулареб ва лъалареб жо лъала Аллагьасда ва гьесул хIукму-къадарги жиндилъ пайда бугеб, жиб гIадлияб букIула.

==========

Аварагас ﷺ абуна: ***«БоцIи-мал бугониги, напсалъе зарал гьабун бугониги*** *(гъибат-бугьтан, зулму-хIал гьабун),* ***гьев чи жинца тIаса лъугьинаве ва гьесул хIакъ тIубай, жиндихъ цохIо диргьам ва динар гьечIеб къо бачIинелде ццебе*** *(ай ахираталда швелелда ццебе).* ***Гьеб къоялъ жинца зулму гьабурасул лъикIаб гIамал жиндие зулму гьабурасе кьола, нагагь гьесул лъикIаб гIамал батичIони жиндие зулму гьабурасул квешал гIамалал жинца зулму гьабурасда тIад реххула» - абун.***

**49. Дуца абе, МухIаммад ﷺ, хIакъаб динул ислам бачIана,** гьелъул нурги загьирлъана ва гвангъана. **БатIулаб жоялъ щибго гьабиларо ва гьеб тIокIаб тIад буссун бачIунаро- абун.**

**50. Цогиги дуца абе, МухIаммад ﷺ, дун къосун ватани гьеб къосин дирго напсалъул гIайиб буго ва гьелъие бугеб зулму буго. Дун битIараб нухда тIовитIаравлъун ватани гьеб Аллагьасдаса (عز وجل) бугеб тIоритIел буго ва гьес дида вахIю гьабураб жоялдалъун буго. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) вуго ахIарасул гьаракь жинда ргIулев ва гьесие жаваб гьабизе гIагардаго вугевги.** КигIанго балъго гьабуниги щивасул гIамал жинда лъалев вуго.


**5I. Дуда мушриказул хIал бихьизе букIарабани, МухIаммад ﷺ, гьел къиямасеб къоялъ тIаде рахъизаридал ва гьезул хIинкъи бергьун бугеб мехалъ! Гьезие лъутизе ва ротизе бакI букIунаро, Аллагьасул (عز وجل) гIазабалдаса рорчIиги букIунаро. Гьел гьеб бакIалдасаго росун жужахIалде рехула.**

**52.** Гьеб гIазаб жидеда бихьараб мехалъ, **Аллагьасда (عز وجل) инкар ккун рукIарал гIадамаз абула: «Нижеца гьеб Къуръаналда ва гьев аварагасда иман лъуна» - абун. Гьезие бокьун буго цIакъ рикIкIадаб бакIалдаса иман лъезе ва гьелдалъун жал хвасарлъизе.** Гьеб гьечIо иман лъолеб бакI. Гьеб буго жаза гьабулеб бакI.

**53. Гьез Аллагьасдаги ахираталдаги инкар ккун букIана дунялалда ругеб мехалъ, ахираталъул амруялъулъ гьересияб, жидеда лъалареб жоги бицунеб букIана, гьеб ахираталдаса жал цIакъго рикIкIадги рукIун.**

**54. Гьанже гьез жинда хьул гьабулеб алжаналдаги гьездаги гьоркьоб пардав гьабуна ва гьелдаса жал рикIкIад гьаруна. Гьедин алжаналдаса рикIкIад гьаруна цересел умматазул жидеца ахираталде инкар ккурал гIадамалги. Гьел киналго рукIана ахираталъул амруялъулъ цIакъ жал щакдарулел, гьелда божуларел.**

Ахираталде щвараб мехалъ пашманлъиялъ мунпагIат гьабуларо. Гьениб инсанасе гьаб дунялалда жинца гьабураб гIамал гуреб жоги батуларо. Гьеб ахираталъул БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго гьаб дунялалъул БетIергьанги. Гьедин бугелъул инсан кантIизе рекъараб буго жив Аллагьас (عز وجل) гIададаго вижун гьечIеблъиялда, жинда тIад къараб амру-нагью букIиналдаги. Гьеб амру-нагью тIубаялда рекъараб жаза ахираталда жиндие гьабизе букIиналдаги. Аллагьги гьечIо, ахиратги гьечIо абун чIарал инкарчагIи кантIизаризе нилъеда кIоларо. Амма жив Аллагьасдаги, ахираталдаги божулев чи гъапулго вукIин, жинда тIад къараб амру-нагью тIубачIого вукIин цIакъ ахIмакъаб иш буго.


الجزء الثاني والعشرون — سورة سبإ

قُلْ جَآءَ ٱلْحَقُّ وَمَا يُبْدِئُ ٱلْبَٰطِلُ وَمَا يُعِيدُ ﴿٤٩﴾ قُلْ إِن ضَلَلْتُ
فَإِنَّمَآ أَضِلُّ عَلَىٰ نَفْسِى ۖ وَإِنِ ٱهْتَدَيْتُ فَبِمَا يُوحِىٓ إِلَىَّ رَبِّىٓ ۚ إِنَّهُۥ
سَمِيعٌ قَرِيبٌ ﴿٥٠﴾ وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذْ فَزِعُوا۟ فَلَا فَوْتَ وَأُخِذُوا۟ مِن
مَّكَانٍ قَرِيبٍ ﴿٥١﴾ وَقَالُوٓا۟ ءَامَنَّا بِهِۦ ۖ وَأَنَّىٰ لَهُمُ ٱلتَّنَاوُشُ مِن
مَّكَانٍۭ بَعِيدٍ ﴿٥٢﴾ وَقَدْ كَفَرُوا۟ بِهِۦ مِن قَبْلُ ۖ وَيَقْذِفُونَ
بِٱلْغَيْبِ مِن مَّكَانٍۭ بَعِيدٍ ﴿٥٣﴾ وَحِيلَ بَيْنَهُمْ وَبَيْنَ مَا يَشْتَهُونَ
كَمَا فُعِلَ بِأَشْيَاعِهِم مِّن قَبْلُ ۚ إِنَّهُمْ كَانُوا۟ فِى شَكٍّ مُّرِيبٍ ﴿٥٤﴾

سورة فاطر

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ فَاطِرِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ جَاعِلِ ٱلْمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا أُو۟لِىٓ
أَجْنِحَةٍ مَّثْنَىٰ وَثُلَٰثَ وَرُبَٰعَ ۚ يَزِيدُ فِى ٱلْخَلْقِ مَا يَشَآءُ ۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ
كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿١﴾ مَّا يَفْتَحِ ٱللَّهُ لِلنَّاسِ مِن رَّحْمَةٍ فَلَا مُمْسِكَ لَهَا ۖ
وَمَا يُمْسِكْ فَلَا مُرْسِلَ لَهُۥ مِنۢ بَعْدِهِۦ ۚ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿٢﴾
يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱذْكُرُوا۟ نِعْمَتَ ٱللَّهِ عَلَيْكُمْ ۚ هَلْ مِنْ خَٰلِقٍ غَيْرُ ٱللَّهِ
يَرْزُقُكُم مِّنَ ٱلسَّمَآءِ وَٱلْأَرْضِ ۚ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ فَأَنَّىٰ تُؤْفَكُونَ ﴿٣﴾

٤٣٤

**35. Сурату ФатIири**

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда щуго аят бугеб.

**I. Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе буго: щибго мисал-сурат цебе гьечIого зобал ва ракь бижарав. Жинца малаикзабиги гьарурав жиндир аварагзабазда ритIулел чапарзабилъун: Жидее кIи-кIи, лъаб-лъаб, ункъ-ункъ куркьбиги ругел гьел малаикзаби. Аллагьас (عز وجل) жиндир халкъалъулъ бокьараб сипат цIикIинабула: ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев вуго.**


**2. тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) лагъзадерие рахIмат ва ризкъи рагьараб мехалъ, гьеб кквезе ва гьукъизе кIолев щивго чи вукIунаро. Аллагьас жиндир рахIмат ккураб мехалъ ва гьеб гIадамазе къварид гьабураб мехалъ гьеб кьезе кIолев чиги вукIунаро. Гьев Аллагь вуго жиндир къуват-гуч бергьарав жиндир тадбир хIакимияв.**

**3. Я гьал гIадамал! Нужеца ракIалде щвезаре Аллагьас (عز وجل) нужее кьурал нигIматал. Нуж рижарав, гьаб кинабго махлукъатги жинца бижарав, жив цогояв Аллагь (عز وجل) гурев цоги халикъ вугищха жинца нужее зобалаздасаги ракьалдасаги ризкъи кьолев.** ГьечIо цоги Халикъ ва Разикъ. Гьев **Аллагь гурев жиндие лагъалъи гьабизе тIадаб цоги щибниги жоги гьечIо. Гьаб кинабго иш баянлъун хадубги Аллагьасе гIибадат гьабичIого хъанчазе лагъалъи гьабиялда кин руссунел?**

**4. Маккаялъул мушриказ мун гьереси гьавунин абун дуца ракI къварид гьабуге, МухIаммад ﷺ; дуда цере рукIарал аварагзабиги гьареси гьаруна гьезул къавмалъ. Киналго гIадамазул ва**

**киналго умуразул ахирияб руссин тIадегIанав Аллагьасде (عز وجل) буго.** Дуца сабру гьабе Аллагьасул квербакъи бачIинегIан. Гьеб квербакъи бачIинги хIакъаб буго.

**5. Я гьал гIадамал!** Къиямасеб къо букIинги, хIисаб-мизан ва жаза букIинги **Аллагьасул хIакъаб къотIи буго.** Гьаб амру гьадин бугелъул **нуж гуккизе рукIунге дунялалъул берцинлъиялъе ва чIаголъиялъе. Гьединго нуж гуккизе чIоге Аллагьасул гурхIел-цIобалда божун, гьесул нигIматал гIемерлъиялда божун.** Аллагьас нигIматалги, сахлъиги, рахIатги капурчиясеги кьола. Гьел нигIматал дуе кьунин абун дудаса Аллагь (عز وجل) разилъун вугин абун ракIалде ккоге.




**6. ХIакълъунго щайтIан буго жиндир нужедехун тущманлъи бугеб, нужее зарал гьабизе кидаго жиб ургъулеб. Нужеца гьеб щайтIанги нужер тущманлъун ккве! Гьеб щайтIаналъ жинда нахърилъларал ахIула жужахIалъул бетIергьабилъун рукIунеб гIамал гьабиялде.**

**7. Аллагьасда ва ахираталда инкар ккурал гIадамазе цIакъ гучаб гIазаб букIине буго. Аллагьасда иман лъун аварагасда нахърилъларал лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан мунагьал рахчи ва хирияб алжан букIине буго.**

**8. ЩайтIаналъ жиндир квешал гIамалал берцин рихьизарун, гьелъ гуккун хьвадарав чиги,** квешал гIамалал гьаричIого, Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун хьвадарав чиги **ващад вукIинищха? Аллагьас жиндие бокьарав чи битIараб нухдаса къосинавула:** гьев жинца тIаса бищараб къосиналъулъ тола. **Жиндие бокьарав чи битIараб нухдаги тIовитIула:** гьесие квербакъула жинца тIаса бищараб битIараб нухда хьвадизе. **Гьел мушриказ иман лъечIин абун ракI къварид гьабун, дур напс пашманлъуге абе, МухIаммад ﷺ. ХIакълъунго Аллагь вуго гьез гьабулеб гIамал жинда лъалев** ва гьезие ахираталда гIазабги гьабулев.


**9. Гьев Аллагь (عز وجل)** вуго жиндие гIибадат гьабизе хIакъав нужер БетIергьан, **жинца накIкIал цоцаде данде рачине гьурал ритIулев. Цинги гьел накIкIаздаса, ракьалде тIад берцинаб цIадги базабулев. Дица гьеб ракьги чIаго гьабула – жиб бакъвараблъун ва хвараблъун букIараб. Гьаб цIад баялдалъун ракь чIаго гьабулеб гIадин Аллагьас хварал гIадамалги тIаде рахъинарула.**

**I0. Жиндие кIодолъи ва хиралъи бокьун щив чи вугониги, гьев чиясда лъай кинабго кIодолъи ва хиралъи цохIо Аллагьасе букIин**. Гьев Аллагьас кьурав чиясе гурони кIодолъи ва хиралъи букIуларо. Жиндие кIодолъи ва хиралъи къваригIарав чи тIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъизе ккола. Жинда мутIигIлъарав, жив разилъи тIалаб гьабурав чиясе кьола Аллагьас (عز وجل) дунял-ахираталъул бахьибуголъи.

**Гьев Аллагьасде бахула кинабго лъикIаб ругIи ва гIамал:** Аллагь рехсей, гьесда дугIа гьаби, Къуръан цIали, тасбихI гьаби, Аллагьасе щукру ва рецц гьаби. **Инсанас гьабураб лъикIаб гIамал Аллагьас (عز وجل) къабул гьабула.** Гьеб ругIиялъул магIна буго тIадегIанав Аллагьас цохIо лъикIаб ругIи абиялда данде лъикIаб жаза гьабуларо. Аллагьас къабул гьабула лъикIаб ругIиги гьелда рекъараб гIамалги кIиябго цадахъ бугеб мехалъ.

**Жидеца макру гьабулел ва квешал гIамалал гьаризе хIиллаял нухал цIехолел гIадамазе цIакъ гучаб гIазаб букIизе буго. Гьел гIадамаца гьабулеб макру ва хIилла гIадада хвезе буго ва гьелги гIодорегIан гьаризе руго.** Гьаб ругIи буго Къурайшиязул мушриказ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе зарал гьабизе батIи-батIиял хIиллаби ва макраби ургъулел рукIин баян гьабун, гьезул хIиллаялъ аварагасе ﷺ зарал гьабизе гьечIеблъи, Аллагьас (عز وجل) жиндир авараг цIунизе вукIин баян гьабун абураб ругIи.

**II. ТIадегIанав Аллагьас нуж рижана ракьалдаса:** нужер кIудияв эмен Адам ракьалдаса вижиналдалъун. **Цинги хадусеб нужер рижин гьабуна манидал къатIраялдаса. Цинги нуж гьаруна бихьиналлъун ва руччабилъун. Цониги къинаб жо къинаб лъугьунаро ва гьеб къинаб жоялъ тIинчIги гьабуларо ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъан гурони** ва гьесул хIукму-къадар букIун гурони. **Цониги чияс гIемерал сонал раларо дунялалъул рукъов жив чIаго хутIун, цогидав чи хеккоги холаро, гьебги Аллагьасда аскIоб бугеб ЛавхIул махIпузалда хъвараб хIукму букIун гурони. Гьаб кинабго жо** азалияб хIукмуялъулъ къадар гьабиги хадуб дунялалда загьир гьабиги **ТIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб амру буго.**




**2. КIиго батIияб ралъдал лъим цоцазда бащадаб букIуларо** жиндаса мунпагIат босиялъул рахъалъан: **гьаб цо лъим жиб гьекъезе бегьулеб, жиндир тIагIам лъикIаб ва бигьаго гьекъон унеб. Гьаб цояб лъим жиб цIамхIалаб, жиндир цIамхIаллъи гIемерлъиялъ кьогIлъараб. Гьеб кIиябго ралъадалдаса къватIибе гIатIгояб гьан бахъула: ччугIа ккола ва гьеб нужеца кванала. Нужеда тIад ретIулеб курхьин-кIиликI гьабизе луълуал, маржанал ва жавгьаралги рахъула.**

**Гьеб ралъадалда тIад хьвадулел кIудиял гумиги рихьула дуда. Гьел гумузда тIад рекIун рикIкIадаб сапаралде ун нужеца даран-базар гьабизе ва нужее ризкъи тIалаб гьабизе.** Гьаб кинабго жо Аллагьас нужее бижун буго ва квегъун буго **нужеца Аллагьасул (عز وجل) нигIматазде данде щукру гьабизе ва гьесие гIибадат гьабун гьев рази гьавизе.**

**I3. Жинца сордо къоялде жанибе лъугьизебулев вуго ТIадегIанав Аллагь** риидал къо кIудияб гьабун, сордо гьитIин гьабун гьабулев. **Гьединго жинца къо сордоялде жанибе лъугьизабулевги вуго.** Хасало къо гьитIин гьабун, сордо кIодо гьабун**. Жинца бакъги моцIги жиндир амруялдалъун квегъаравги вуго. Гьеб кIиябго хьвадулеб буго жидее бихьизабураб заман щвезегIан,** жиб кIиялъулго нухдаса къосинчIого, жидер хехлъи хисичIого, къиямасеб къо щвезегIан хьвадулел руго бакъги моцIги.

Инсанас жидедаса мунпагIат босизе квегъаралги руго бакъги моцIги: бакъул хинлъиялдаса гIемер мунпагIат босула инсанас. МоцIрол канлъиялдаса мунпагIат босулеб заманги букIула: сапаралда ва гIалахалда ругеб мехалъ.

**I3. Жинца сордо къоялде жанибе лъугьинебулев вуго ТIадегIанав Аллагь** риидал къо кIудияб гьабун, сордо гьитIин гьабун. **Гьединго жинца къо сордоялде жанибе лъугьинабулевги вуго.** Хасало къо гьитIин гьабун, сордо кIодо гьабун**. Жинца бакъги моцIги жиндир амруялдалъун квегъаравги вуго. Гьеб кIиябго хьвадулеб буго жидее бихьинабураб заман щвезегIан,** жиб кIиялъулго нухдаса къосинчIого, жидер хехлъи хисичIого, къиямасеб къо щвезегIан хьвадулел руго бакъги моцIги. **Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан:** жинца нуж рижарав ва нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав. **Гьев Аллагьасе буго кинабго жоялъул ханлъи ва бетIергьанлъи. Гьев Аллагьги живго тун мушриказ жидее лагълъи гьабулел аллагьзаби жидер щибго жоялда ханлъи гьечIел руго.** Гьезул ихтияралда гьечIо гагаялда тIад букIунеб тIеренаб хъал гIадаб жоцинги.


**I4. Нужеца ахIани гьезда нужер гьаракьги рагIунаро, гьеб гьаракь рагIунеб букIарабаниги гьезда кIоларoан нужее жаваб гьабизе**. Гьел рухI гьечIел ганчIазул, цIулалъул ва цогидаб жоялъул гьарурал хъанчал ругелъул. **Къиямасеб къоялъ гьез инкарги ккола нужеца жидее гIибадат гьабичIин абун. Кинабго жоялъул авалги ахирги лъалев, загьирги битIинги лъалев Аллагьас бицунелдаса лъикI дуе хIакъаб жо бинуларо, МухIаммад ﷺ, цоги щивниги чияс.**

**I5. Я гьал гIадамал! Нуж киналго Аллагьасда (عز وجل) хIажатал руго. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, кинабго рахъалъан жиндие рецц гьабизе рекъарав хан.**

**I6. Аллагьасе бокьани гьес нуж киналго цо лахIзаталда жанир гьаб дунялалдаса тIагIинарила ва нужер бакIалда цоги халкъ бижила.**

**I7. Гьедин нужги гьалаг гьарун цоги халкъ бижи Аллагьасе щибго захIматаб иш гьечIо.** Гьесие бокьараб жо «Кун» абураб рагIи абиялдалъун лъугьуна.

**I8. Цониги жинца мунагь гьабураб напсалда цогидаб напсалъул мунагь баччизабуларо. Жиндир мунагьазул бакIлъи цIикIкIараб цо напсалъ жиндие кумек гьабун мунагьал тIаса росеян цоги напсалда гьарани, гьелъ кумек гьабуларо** ва гьеб напсалдаса мунагьазул бакIлъи тIаса босуларо, **гьев жинда ахIи барав чи гIагарав вугониги,** гьудул-гьалмагъ вугониги. **Дуца гьаб Къуръаналдалъун хIинкъи кьола, МухIаммад ﷺ, жидеца Аллагьасда иман лъун гьесул гIазабалдаса хIинкъулел, гьаибаб жоялдаги божулел муъминзабазе, жидеца паризаяб какги рукугI-сужда тIубан балел. Жинца напс мунагьазул чороклъиялдаса бацIцIад гьабурав чи жиндиего лъикIлъи ва рацIцIалъи гьабулев чи вуго. Кинабго халкъалъул руссин ахираталда тIадегIанав Аллагьасде (عز وجل) буго.**




**I9. Жинда канлъи бихьулев муъминчиги, жинда щибго жо бихьуларев капурчиги кIиявго къадру бащадав вукIунаро.**

**20. Капур-ширкалъул, бецIлъабиги иман-исламалъул нурги къимат бащадаб букIунаро.**

**2I. РагIадалда релълъараб батIулаб жоги, бакъул бухIиялда релълъараб хIакъаб жоги жиб кIиябго бащалъуларо.**

**22. Хварал чагIазда релълъарал купру-ширкалда чIарал гIадамалги жал чIагоял лъун ругел, жидеца Аллагьасда иман лъурал гIадамалги бащалъуларо. ТIадегIанав Аллагьасда кIола жиндие бокьарав чиясда иман-исламалда гьев ахIулеб дагIват рагIинабизе ва гьесда жаваб кьезабизеги. Дуда кIоларо, МухIаммад, хун хабалъ лъун ругел гIадамазда релълъарал капурзабазда исламияб дагIват рагIинабизе.**

**23. Мун гьечIо, МухIаммад ﷺ, гьел капурзабазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев чи гурони.** Дуда тIадаб гьечIо гьезда иман лъезабизе.

**24. Дица мун гьеб умматалда расуллъун витIун вуго, МухIаммад ﷺ, хIакъаб хIужагун:** Къуръанги босун гьеб уммат хIакъаб диналде ахIизе. **Дуе мутIигIлъун иман-исламалде рачIарал гIадамазда алжаналдалъун рохел бицине. Мун гьереси гьавун иман лъезе чIухIун чIарал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе. Цересел умматазул цониги уммат гьечIо жидеда авараг витIинчIел,** гьезие хIинкъиги кьечIел.

**25. Гьаб дур умматалъ мун гьереси гьавуни** гьелда мун гIажаиблъуге ва дуе гьеб захIмалъуге. **Гьездаса цере рукIарал умматазги гьереси гьаруна жидехъе ритIарал аварагзаби. Гьезухъ аварагзаби рачIун рукIана баянал мугIжизаталгун, зодиса рещтIизарурал тIахьалгун ва зубуралгун.** Зубурал абураб рагIи буго дагьал тIанчал (кагътал) абураб магIнаялда бугеб рагIи. ТIахьал руго жал машгьурал Таврат, Забур, Инжил, Къуръан гIадал тIахьал.

**26. Дица гьел умматазул капурзаби гучаб гIазабалдалъун гьалаг гьаруна. Кинабха букIараб дица гьезда гьабураб инкар!** Гьез дида инкар гьабидал дица гьездаги инкар гьабуна: гьезие нигIматазул бакIалда балагьал кьуна. Гьедин гьабизе кIола дида МухIаммадида ﷺ иман лъезе чIухIарал гIадамазеги.

**27. Дуда бихьуларищ, я гьав инсан, тIадегIанав Аллагь вукIин жинца зодисан цIад рещтIизабулев. Гьеб цIадалдалъун Дица ракьалда пихъ бижизабула, жиндир тIагIам ва кьер батIи-батIияб. Дица мугIрулги рижана жидеда жанир нухал ругел ва гьел нухазул кьерги батIи-батIияб бугел: хъахIал нухал ругел ва багIарал нухал ругел.** ГамачI-ракьалъул кьер батIи-батIияб


букIиналдалъун гьел нухазул кьерги батIи-батIияб букIула. **Гьединго цIакъго чIегIерал къвакIарал кьурабиги рижана дица.**

**28. Гьединго дица гIадамал ва хIайванал рижана жидер кьер ва сипат-сурат батIи-батIиял. ХIакълъунго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъулел гIадамазул бищунго хIинкъулел гIалимзаби руго. Гьев Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав ва жинца мунагьал рахчунев.**

Гьал аятазда жаниб Аллагьасул хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел гIемерал ва гIажаибал гIаламатал рицун ругелъул, гьезул пикру гьабун гурони гьез Аллагьасул къудраталда тIоритIел гьабиги лъаларелъул, гьал аятазул ахиралда абуна: «Аллагьасдаса хIинкъулел гIадамазул бищунго хIинкъулел гIалимзаби руго» - абун. Гьел гIалимзабаз гьабула Аллагьасул махлукъаталъул пикру, гьез Къуръан-хIадисалдаса босула гIелму ва гIакълу. Гьеб гIелму буго инсанас тIалаб гьабизе кколеб жоялъул ахираб хIасил ва гьесул ахираб мурад. ГIелмуялдалъун гурони инсанасда жиндирго БетIергьан Аллагь лъаларо. Гьеб гIелмуялъ инсанасда гьев гIазабалдаса хвасар гьавулеб нух бихьизабула, гьесул рекIелъан щаклъи ва вас-вас инзабула. Жагьилияб рахъкквей тIаса инзабула. Гьеб буго батIулаб жоялъулги рахъ кквей жиндир напсалъул ва кьибил тухумалъул мурад цIунун.

**29. Жидеца Къуръан цIалиялда тIадчIей гьабулел гIадамал, хIукъукъал тIубан, Аллагьасе хIелун какги балел, дица кьураб ризкъиялдаса садакъа ва напакъа кьолел. Гьеб садакъаги загьиралда кьолел ва балъгоги кьолел. Гьаб лъикIаб гIамалалдалъун жидееги бокьунел ахираталъул дармие бергьин.**

**30. Гьал муъминзабазе бокьула Аллагьас (عز وجل) жидее ажру-кири тIубазабун кьезе ва жиндир рахъалъан тIаде цIекIелги кьезе. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинца мунагьал гIемер чурулев ва лагьзадерил гIибадат къабул гьабун, гьелда щукру гьабулев.**




**31. Дица дуда вахIю гьабураб Къуръан хIакъаб ва жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб жо буго, МухIаммад ﷺ, жиндаса цереккун рештIинарурал тIахьалги гьезда жаниб бугеб хIукмуги ритIухъ гьабулебги буго гьеб Къуръан. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) лагьзадерил киналго хIалал лъалев, гьезие маслихIатаб жо жинда бахьулев вуго** ва жиндие щибго жо балъго хутIуларевги вуго.

**32.** Гьел цересел умматазда расулал ритIун, ва тIахьал рещтIизарун хадуб **гьаб хирияб Къуръан дица ирсалъе кьуна дир киналго лагьзадеридаса дица хира гьарурал ва тIокI гьарурал МухIаммадил ﷺ умматалъе. Гьеб умматалъул цо гIадамал руго жидеца напсалъе зулму гьабурал.** Къуръаналда нахърилъльинчIел, Аллагьасда иман лъечIел, авараг ритIухъ гьавичIел. **Гьезул цо къокъа буго жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал ва амма цо-цо мехалъ кIарчамлъи ва гIасилъи гьабулел. Гьезул цо къокъа буго лъикIаб гIамал гьабизе яхI бахъулел ва гьеб лъикIаб гIамал гьабизе жал ццере кколел, Аллагьасул изнуялдалъун. Гьеб лъикIаб гIамал гьабизе ццере ккей буго Аллагьасул рахъалъан бугеб кIудияб хиралъи ва тIокIлъи.**

**33. Жидеца Аллагьасда иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе ахираталда хIадурун буго «Жаннату гIаднин» абураб алжан. Даимго жанир рукIинелъун лъугьуна гьеб алжаналъур. Жидеда тIад жавгьар-якъут ва луълуалъул курхьин-кIиликIги ретIула. Цогидаб ретIелги бацIцIадаб дарайдул букIуна.**

**34. Гьеб алжаналде жанир лъугьараб мехалъ гьез абула: «Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго, нижедаса пащманлъи ва хIинкъи тIаса инабурав. ХIакълъунго нижер**

**БетIергьан Аллагь жив цIакъ гурхIулев, мунагьал чурулев вуго, жинца лагъзадерил гIамал къабул гьабун, гьезие щукру гьабулевги вуго.**


**35. Гьев БетIергьан Аллагьасе буго даимаб щукру ва рецц, жиндир цIоб-рахIмуялдалъун даимго жанир чIолеб алжанилде ниж лъугьинарурав. Гьеб алжаналда жаниб нижеда щибго захIмалъи-къварилъи хъваларе ва нижер напсалъе свакай-кIвахIаллъи щолареб» - абун.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIумаридаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Жидеца лаилагьа иллаллагь абулел гIадамазе хвалда аскIоб хIинкъи гьечIо, хобалда жанибги хIинкъи гьечIо. Дун валагьун вугев гIадин вуго ва дида рихьулел ругеб гIадин вуго, гьеб «лаилагьа иллаллагь» абулел гIадамал хабалъан къватIире рахъун рачIулел: жидеца бетIералдаса ракьги гьарщизабулаго ва гьезги абулаго: «Кинабго рецц ТIа*дегIанав Аллагьасе буго, нижеда тIаса нижер пащманлъи инзабурав» - абун.

**36. Аллагьасде (عز وجل) инкар ккурал гIадамазе жужахIалъул цIа хIадурун буго. Гьеб цIада жанир хун жидее рахIат щолареб ва гьездаса гьеб цIаялъул гIазаб бигьаги гьабулареб.** Абадияб жужахIалъул гIазаб буго гьеб. **Гьадинаб жаза гьабула дица кинавниги куру-ширкалда чIарав чиясе.**

**37. Гьел капурзаби жужахIалда жаниса жидее кумек тIалаб гьабун гьаракь борхун ахIдолел рукIуна. Гьез абула: «Я нижер БетIергьан! Дуца ниж гьаниса къватIир рахъинаре нижеца иман лъезе ва лъикIаб гIамал гьабизе. Нижеца гьабулеб букIараб купру-ширк гьабичIого лъикIаб гIамал гьабила нижеца» - абун. Гьезие жаваб гьабун ва гьезда бадибчIвай гьабун, Аллагьасул рахъалъан абула: «Дица нуж дунялалда халатаб гIумруялъ тун рукIана гурищ? Нужехъе аварагги вачIун вукIана гурищ, жинца гьаб гIазаб букIизе бугин хIинкъи кьолев? Гьанже нужеца гьаб гIазаб чIаме!» - абун. Купру-ширкалдалъун жидерго напсазе зулму гьабурал гIадамазе квербакъи гьабулев щивго чи вукIуларо.** Гьездаса гIазабги борхуларо.

**38. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго зобалаздаги ракьалдаги жаниб бугеб балъгояб жо, загьираб жо жинда лъалеб хIалалъ. Гьединго Аллагьасда лъала инсанасул ракIалда жаниб бугеб пикруги.**




**39. Гьев БетIергьан Аллагь (عز وجل) вуго жинца нуж гьаб ракьалда халипабилъун ва, варисзабилъун гьарурав.** Нужеда цереги гIемерал умматал ва къавмал рукIана. Гьел умматалги тIагIун щвараб буго нужехъе гьаб ракь ва гьалда тIад гIумру гьаби. **Аллагьасдаги гьесул нигIматаздаги инкар ккурав чиясул инкаралъул гIазаб гьесие букIизе буго. Гьел капурзабазул купруялъ Аллагьасул ццим бахъин тIадеги цIикIизабула:** гьезул купру цIикIкIанагIан Аллагьасул ццим бахъинги цIикIкIуна**. Гьезул куфруялъ жидее чIорого хутIи ва гIазаб цIикIкIин гуреб щибго мунпагIат гьабуларо.**

Гьаб аяталъул магIна буго цо къавмалъ купру-ширк гьабунин абун ва гьеб жегиги цIикIкIизабунин абунги гьелдалъун тIадегIанав Аллагьасе щибго асар букIуларо, гьев Аллагьасул (عز وجل) цогидаб махлукъаталъеги гьелъул къварилъи букIуларо. Гьеб купру-ширкалъул къварилъи ва гIазаб жидеего букIула ва кигIан жидер гIасилъи цIикIкIараб гьедигIанго гьезие гIазабги цIикIкIула.

**40. Дуца гьел Маккаялъул мушриказда абе, МухIаммад ﷺ: нужеца дида бице нужер аллагьзабазул хабар**, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав Аллагьги тун гьезие лагъалъи гьабулел. Щиб жо сабаблъун нужеца гьел хъанчал аллагьзабилъун ккун ругел? **Нужеца дида бихьизабеха щиб жо бугеб гьез бижизабураб гьаб ракьалда тIад. Яги гьал зобал Аллагьас (عز وجل) рижулеб мехалъ гьесие кумек гьабулелищ гьел рукIарал? Яги Аллагьас**

**гьезухъе тIехьищ рещтIизбун бугеб, гьеб тIехьалде гIамал гьабун гьел битIараб диналда рукIизе?**

ГьечIо щибго жо гьал хъанчаз бижараб, гьечIо зодисан рештIизабураб тIехьги, гьел аллагъзаби руго абун жинца нугIлъи гьабулеб. **Гьез хъанчие лагълъи гьабулеб буго церехун ругел мушрикаца хадур рачIулел гуккун ва жидеца абун гьел хъанчаца нилъее шапагIат гьабизе бугин абун.** Гьединаб щибго жиндие аслу ва хIужа гьечIеб жо буго мушрикаца жидерго квераз гьарурал хъанчал аллагъзабилъун ккун гьезие лагълъи гьаби.

**4I. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) зобалги ракьги ккола жидер бакIалдаса инчIого рукIине. Гьел зобалги ракьги жиб бугеб бакIалдаса багъарун ине лъугьани, гьел кквезе кIолев щивго чи вукIунаро, ТIадегIанав Аллагьас гьел кквечIони. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир хIелму ва гурхIел бугев, жинца мунагьал рахчулев.**

**42. Маккаялъул мушрикал Аллагьасул (عز وجل) цIаралдалъун цIакъ яхI бахъун къвакIарал гьаял гьедулел рукIана жидехъе Аллагьасул расул ﷺ вачIани жал цогидал умматаздаса цIакъго лъикI иман лъурал ва битIараб нухда ругел рукIилин абун. Цинги жидехъе расул вачIараб мехалъ гьелдалъун гьезул иман цIикIинчIо, гьезул иманалдаса тIури ва рикIалъи цIикIана.**

**43. Гьел иман лъеялдаса тIурана гьаб ракьалда хьвадиялъулъ гIамал кIодолъи ва чIухIи загьир гьабун, жидеца хирияв расуласе ﷺ ва муъминзабазе квешаб макру гьабизе ургъун. Гьеб квешаб макруялъул зарал ва зулму гьеб макру гьабулеб агьлуялде буссине буго. Гьезие бугеб хIукму гьечIо гьезда церехун рукIарал, жидеца аварагзабазе макру гьабурал умматазул хIукму гурони.** Аллагьас гьел умматал квешаб гIазаб тIаде биччан гьалаг гьаруна. **Гьесул нух ва гIадат жиб хисулареб буго.** Гьев Аллагьасе бокьараб мехалъ цо къавмалъе гIазаб гьабине, **гьеб нахъчIвазе кIолев, цоги рахъалде буссинабизе кIолевги щивго вукIунаро.**

**44. Маккаялъул мушрикал ракьалда тIад хьвадулел руго гурищ жидер сапаразулъ**. Гьедин хьвадулеб мехалъ жидеца пикру кин гьабулареб ва гьел **рекIел бералдалъун щай балагьуларел гьездаса цере рукIарал умматазул ахир киндай ккана абун.** Гьел умматазул чIунтарал росаби жидеда рихьулел ругелъул **Гьел гIадамал гьаздаса гIемерго къуват-гуч бугел** рукIана. бечелъи бугел, аскарал гIемералги рукIана. **ТIадегIанав Аллагь жинца гIажиз гьавулеб щибго жо гьечIо зобалазда ва ракьалда. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинда кинабго жо лъалев, лагъзадерие мустахIикъаб хIукму тIубазе жиндир хIал кIолев.**

**45. ТIадегIанав Аллагьасул гIадат букIарабани гIадамаз мунагьал гьарунщинахъе гьезда данде гIакъуба гьабулеб - гьаб ракьалда тIад цохIо рухIчIаголъи хутIиларoан жиб гьалаг гьабун гурони**. Аллагьас (عز وجل) гIадамал гьалаг гьарула гьезул гIасилъаби сабаблъун. Гьезул баракат гьечIолъиялдалъун гьеб гIазаб цогидал рухIчIаголъабаздаги гIамлъула.

**Киннги Аллагьасул гIадат буго гьел** зулму ва гIасилъи гьабулел гIадамал гьалаг гьаричIого **нахърахъун толеб, жинца къадар гьабураб заман щвезегIан. Гьеб заман щвараб мехалъ** жинца кинабго халкъалъе жазаъ гьабула: Муъминзаби алжаназде лъугьизарула, капурзаби жужахIалде лъугьизарула. **ХIакълъунго Алагь (عز وجل) жинда лъалев вуго лагъзадерил хIал ва гьезие гьабизе мустахIикъаб жазаги.**

Аллагьас тавпикъ кьеги жив разияб гI**а**мал гьабизе.

**36. Сурату Ясин**


Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб ункъоялда лъабго аят бугеб.

**I. Я-син.** ТIадегIанав Аллагьасда (عز وجل) лъала гьаб рагIиялдалъун щиб мурад жиндир бугеб. ГIалимзабаз абуна гьаб Ясин Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул цIар бугин абун. Цоги абуна гьаб рагIиялъул магIна «Я инсан!» бугин абун ва цогиги батIиял магIнабиги гьаруна гIалимзабаз гьеб рагIиялъул.

**2. Жиб мухIканаб, жинда тIаде хис-бас бачIулареб Къуръаналдалъун гьедулев вуго Дун,**

**3. хIакълъунго мун вуго абун, Я МухIаммад ( عز وجل), Аллагьас жал ритIарал аварагзабаздаса цо расул.**

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна: Маккаялъул къурайшияз абидалго я МухIаммад, мун Аллагьасул (عز وجل) расул гьечIо, мун гьес нижеда расуллъунги витIун гьечIоян-абун, гьел мушриказул рагIи хвезабун, жинца Къуръаналдалъун гьа гьедун, тIадегIанав Аллагьас абуна мун мурсалиназдаса вугоян-абун.




**4. ХIакъаб ва битIараб нухалда вуго мун.** Гьеб нухги дуда цере рукIарал аварагзабазул нух буго-Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьаби. Гьеб буго исламияб дин. Жиде Аллагьасул рахъалъан бачIараб жо къабул гьабун, гьеб нух ккун хьвади буго гьеб. ТIубанго жал Аллагьасе ва гьесул расуласе мутIиглъиги буго.

**5. Гьаб Къуръан рещтIизабуна жиндир гуч бергьарав, лагъзадерида гурхIел гIемерав Аллагьас (عز وجل).**

**6.** Гьаб Къуръан дуда рещтIизабуна, МухIаммад ﷺ, **дуца гьелдалъун хIинкъи кьезе жеги жидер умумузухъе ва жидехъе расул вачIинчIеб гIарабиязул къавмалъе,** Аллагьасда иман лъечIого хъанчие лагълъи гьабиялда тIад чIани, **гьезие жужахIалъул гIазаб букIизе бугин абун. Гьел гIарабиял хIакъаб диналдаса ва хIакъаб нухдаса гъапуллъун руго,** жидеца гьеб нух лъазе тIалаб гьабулеб гьечIо ва иман лъезе къасдги гьабулеб гьечIо.

**7. Валлагьи, гьал машриказул гIемерисел жидеца иман лъоларел руго** ва гьеб сабаблъун жидее жужахIалъул гIазаб хIакълъарал руго.


**8. Дица гьаб жужахIалъул агьлуялъул габуралда рахсал ва гудрал рала: нилъазул хIамаялда гъоркь рухьун рукIуна гьезул кверал; кверал горбода рухьун, бетIер эхеде кIичIинабун чIезарула.**

**9. Жегиги гьел капурзаби руго дица жидеда цебе борхатаб сангар гьабурал, жидеда нахъаги гьединабго сангар гьабурал, жидер бералги дица бецц гьарурал, гьезда щибго жо бихьуларел.**

**I0. Гьал гIадамазе щибго батIалъи гьечIо дуца гьезие хIинкъи кьуниги, хIинкъи кьечIониги. Гьел руго жидеца иман лъоларел гIадамал.**

**II. Дуца хIинкъи кьеялъ жиндие мунпагIат гьабулев чи вуго, МухIаммад ﷺ, жинца Къуръаналда иман лъурав ва гьелда гIамалги гьабулев чи. Живго цохIо вугевб бакIалдаги Аллагьасдаса хIинкъун вукIунев. Дуца гьев муъминчиясда рохел бице МухIаммад ﷺ, гьесие Аллагьасул рахъалъан мунагьал чури бугин ва жиб хирияб алжаналъул нигIматалги ругин абун.**

**I2. ХIакълъунго дун вуго дица хварал гIадамал чIаго гьарун тIаде рахъинарулев,** гьезул хIисаб-мизан гьабизе ва гьезие жаза гьабизе**. Дица гьез дунялалда гьабураб кинабго гIамал хъвала ва гьез хIетIе чIарабщинаб бакIги хъвала. Кинабго жо дица малаикзаби хъвазе риччан, жиб баянаб, жинца щибго жо гъоркь толареб тIехьалъулъ хъван буго.**




**I3. Мун гьереси гьавун дуда иман лъезе чIухIун чIарал Маккаялъул мушриказе дуца бице, МухIаммад ﷺ, цо росдал агьлуялъул къиса.** АнтIакIият буго гьебан абуна цо гIалимзабаз. **Гьезухъе Аллагьасул расулал рачIараб гIуж бице.**

**I4. Дица гьезухъе кIиго расул витIана. Доб росдал агьлуялъ гьал гьереси гьаруна ва гьезда иман лъечIо. Цинги дица гьев кIиясего квербакъизе ва гьел гуч гьаризе лъабабилев расулги витIана. Гьел расулаз абуна: «Ниж руго Аллагьас нуж диналде ахIизе ритIарал расулал» - абун.**

**I5. Гьеб росдал агьлуялъ абуна: «Нуж гьечIо нижедаго релъльарал гIадамал гурони. Нуж аварагзаби гьечIо ва Аллагьас щибго жо рещтIинабичIо. Нуж гьечIо нужеда гьереси бицунел гIадамал гурони нуж аварагзаби руго абураб рагIиялдалъун» - абун.**

**I6. Гьел расулаз абуна: нижер БетIергьанасда лъала унгого ниж нужехъе ритIарал расулал рукIин.**

**I7. Нижеда тIадаб жо гьечIо нижеда амру гьабураб хIалалъ жиб хIакъаб ва баянаб рисалат нужехъе щвезаби гурони.**

**I8. Росдал агьлуялъ абуна: «гьеб нужер дагIваталъ нижеда квешаб хIал бичIизабуна.** Гьеб нижее рихулеб, нижее хIажат гьечIеб дагIват буго. Нижерго умумуз гьабулеб батараб дин гьабиялдаса ниж нахъчIвалел гIадамал нижее рокьуларо. **Нужеца гьеб хабар чIезе течIони ва нуж нижеда гьоркьоса нахъе инчIони, нуж ганчIал речIчIун чIвазе руго ва нужее цIакъ квешаб гIазаб щвезе буго» - абун.**

**I9. Расулаз абуна: «гьеб нужеде бачIараб квешаб хIал нужгун цадахъ бугеб хIал буго.** Нижедалъун нужее щибго зарал гьечIо. Нижеца нуж дунял- ахираталъул бахьибуголъиялде ахIулел руго, купру-ширкалъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рачулел руго. **Гьадинаб лъикIаб жоялдалъун нужее вагIза гьабураб мехалъ нужеда квешаб хIал кин бачIулеб?** Нужеца бицунеб рагIи битIараб гьечIо. **Нуж руго Аллагьасда гIасилъиялъулъ ва ва мунагьал гIемер гьариялъулъ гIорхъолъан ун ругел гIадамал» - абун.**

**20. Цинги гьеб росдал рикIкIадаб рахъалдаса цIакъ хехго векерун цо чи вачIана ва гьес абуна: «Я дир къавм, нуж гьал расулазда нахърилълъа» - абун.**

Ибнукасирица абуна: «Доб росдал агьлуялъ расулазул дагIват босичIого, гьел чIвазе къасд гьабураб мехалъ, гьеб бакIалде тIаде вачIана цIакъго хех векерун ва гIедегIун ХIабибу Нажар абун жинда цIар бугев муъминчи. Гьев вукIана жинца хам бессулев (ткач) ва садакъа гIемер гьабулев чи»-абун.

**2I. Нужедаса щибго ужра-мухь тIалаб гьабичIого нуж лъикIаб жоялде ахIулел расулазда мутIигIлъе ва гьезда нахърилълъа! Гьел руго жал битIараб диналда ругел гIадамал.** Гьез нужги ахIулел руго гьеб битIараб диналде.

**22. Жинца дун вижарав ва ахирги гьесда руссизе ругев Аллагьасда иман лъечIого вукIине ккани дие бугеб щиб жо бугеб?**


**23. Жинца дун вижарав, дун хьихьулев Аллагьги живго тун цоги аллагьзаби кин дица кколел жидее лагъльи гьабулеллъун. Дир БетIергьан Аллагьасе дие цо зарал гьабизе бокьани гьел аллагьзабада кIоларо гьеб зарал дидаса нахъчIвазе ва дие шапагIат гьабун дун гьеб заралалдаса хвасар гьавизе.**

**24. Дида Аллагь (عز وجل) хIакъав БетIергьан вукIин лъан хадуб дица цоги аллагьзабазе лагъльи гьабуни дун баянаб къосиналъулъ вукIуна.**

**25. Дица иман лъун буго нужер БетIергьан Аллагьасда. Нуж дица бицунеб жоялда гIенекке.** Нужеца гьеб къабул гьабе ва нужецаги Аллагьасда иман лъе.

**26.** Гьев ХIабибу Нажар хвараб мехалъ **Аллагьасул рахъалъан гьесда абуна: «Мун алжаналда жаниве лъугьа»-абун**. Шагьидзабигун цадахъ алжаналда жаниб жиндие бугеб макъам бихьараб мехалъ гьев ХIабибида жиндир къавм ракIалде щвана **ва гьес абуна: «Вай аман Аллагь, дир къавмалда лъалеб анищха**

**27. ТIадегIанав Аллагьас дир цересел мунагьал чурараблъи ва дун жал хира гьарурал шагьидзабазда гьоркьов гьавураблъи!**




**28. Дица гьев ХIабибу Нажарил къавмалъе гIазаб гьабизе малаикзабазул боял ритIичIо. Дун гьел боял ритIиялда хIажатавги вукIинчIо.** Дие цо амру бокьараб мехалъ Кун» абураб ргIи абун дие бокьараб жо лъугьула.

**29. Гьеб къавмалъе гIазаб гьаби** ва гьел гьалаг гьари букIинчIо **Жабраил малаикас гьабураб цохIо гьаракь гурони.** Гьеб гьаракьалдалъун гьел киналго хун гIодор ккана **ва ссвараб цIа гIадин тIагIун ана.**

**30.** Дида инкар ккурал ва дир аварагзаби гьереси гьарурал **гьал лагъзадерие бугеб къварилъи ва пашманлъи! Щибаб къавмалда расул вачIанщинахъе гьеб къавмалъ расул махсароде гьавулев вуго.**

**3I. Гьал къурайшияз пикру гьабуларищ кигIан гIемерал умматал ва къавмал жидеда церехун рукIарал ва кигIан гIемерал умматал дица гьалаг гьарурал. Гьел умматал жидехъе нахъ руссун рачIунел гьечIо гурищ?**

**32. Гьал цереселги хадуселги умматал киналго ахираталда Аллагьасде (عز وجل) руссинаризе руго** ва жидер хIисаб-мизан гьабун гьезие жазаги гьабизе буго.

**33. иман лъезе бокьарал гIадамазе** Аллагьасул хIал кIолъиялда тIоритIел гьабулел **аятал ва гIаламатал руго хвараб ракь чIаго гьаби. Щибго тIаде жо бижичIеб бакъвараб ракь Дица** зодисан цIад рещтIизабун **чIаго гьабула ва гьелдаса тIорщел бижинабула, нужеца кваналеб ва нужер бетIербахъилъун бугеб.**

**34. Гьеб ракьалда тIад дица ахалги гьаруна чамастакил ва цIолбол пихъ бижунел. Гьел ахазда жаниса лълъималги хьвадизаруна.**

**35. Гьел ахакьан пихъал кваназе ва гьез бекьараб хурил тIагIам ва бахчадул нигIматал кваназе. Гьал нигIматал жидее кьурав Аллагьасе (عز وجل) гьел гIадамаз щукру гьабуларищ** ва гьев разилъи тIалаб гьабун, гьесие гIибадат гьабуларищ?

**36. Жив вацIцIадав ва тIадегIанав вуго гьев Аллагь жинца кинабго жо кIирекъезабун бижарав: цояб бихьинаб, цояб цIуяб гьабун. Ракьалда бижулеб жоги, гIадамалги, ва жеги нужеда лъаларе жоги кIирекъезабурав.**

**37.** Гьединго Аллагьасул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб **кIудияб гIаламат буго дица сордо цIакъ бецIлъизаби, гьелдаса къоги нахъе босун. Цинги гьел гIадамал щибго жо бихьулареб бецIлъукье ккола.** Гьаб аяталъ тIоритIел гьабулеб буго бецIлъи аслу букIин, нур гьелде тIаде бачIараб букIин. Бакъ ва моцI баккараб мехалъ канлъи ва нур бачIула, гьеб кIиябго гьечIеб мехалъ бецIлъи букIула.

**38. Жиб ахиралда чIолеб заман щвезегIан хьвадулеб бакъги буго Аллагьасул (عز وجل) кIудиял гIаламатаздаса цо гIаламат.** Гьеб чIолеб заманги Къиямасеб къо бачIин буго. Гьаб ргIиялъул цоги магIна гьабуна: «Жиб чIейго гьечIого хьвадулеб бакъ» - абун. Гьаб магIна гIалимзабаз къабул гьабулеб гьечIо.

**Гьаб даимаб хIалалъ бакъ хьвади ва цогидал цIваби хьвадиги, гьезул цонигияб жиндир нухдаса къосунгутIиги ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) къадар гьабиялдалъун ва гьесул тадбиралдалъун буго. Жиндир гуч бергьарав ва гIелму-лъай камилав вуго гьев Аллагь (عز وجل).**


Жегиги инсанасда гIорхъаби кодоре щвечIел зобал-ракьазул тадбир гьабулев Аллагьасул гIелмуги къуват-гучги бергьараб букIин хIакъаб жо буго.

**39. МоцIги хьвадизабуна дица. Щибаб къоялъ гьеб баккулеб ва тIерхьунеб бакIалъул къадарги чIезабуна, гьеб моцI тIеренлъун, тIогьиллъун, бакъвараб цIолбол хьоп гIадин лъугьизегIан.**

Инсанасул бералда моцI къоло микьго сордоялъ бихьула. Цинги гьеб цIакъго тIеренлъун бералда бихьулареб лъугьун цо сордоялъ яги кIиго сордоялъ бихьичIого хутIула. МоцI берда бихьулеб къоло микьго сордоялъ гьеб баккулеб ва тIерхьунеб бакI хал гьабун, гьелдалъун заман лъазе ва моцIрол къадар лъазе инсанас гьелдаса мунпагIат босула.

**40. Бакъалъул хIал кIоларо моцIалда хадуб гъезе ва гьебгун данделъизе.** Гьелдалъун жинца моцIрол нур свинабун, кидаго бакъул гвангъи букIизе. **Сордоги гьечIо жиб къоялдаса цебе кколеблъун**. Гьелдалъун жинца къоялъул канлъи свинабизе ва сордогIадин букIизе. **Щибаб цIваги, бакъги, моцIги Аллагьас къадар гьабураб хIалалъ зобалазул нухазда хьвадулел руго.**

Гьезул тадбир жиндие биххи ва хиси гьечIеб буго. Гьел цIвабзазул кIодолъиги ва нилъедаса рикIкIалъиги жиндие гIорхъи гьечIеб буго. Гьеб кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев, гьеб жинца бижарав нилъер БетIергьан Аллагьги (عز وجل) жиндие рецц ва щукру гьабун инсан хадув гъоларев вуго. Гьев Аллагь вукIиналда рекIелчIей гьабун, гьесул сипатал лъазарун, гьезие гIорхъи чIвазе лъугьинчIого рукIин буго Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабазул сипат.




**4I. Цогиги гIаламат буго гьел гIадамазе** Аллагьасул хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб, **дица цересел умматал – Адамил зурриятальул гIадамал, жиб жаниб цIураб НухIил (гIв) гамида рекIинари.**

**42. Гьев НухIил гамида релъльун дица гIадамазе гьаруна жал тIад рекIун хьвадулел гуми** ва ракъдада жидеда тIад рекIунел варанаби ва цогидал хIайванал.

**43. Дие бокьун букIарабани дида кIолаан гьел киналго ралъдалъ гъанкъинаризе. Цинги гьезул ахIиялъе жаваб кьолев щивго чи вукIинароан ва гьел ралъдалъ гъанкъиялдаса хвасарги гьариларoан.**

**44. Гьел ралъдалъ гъанкъизаричIого тей дир рахъалъан гьезие рахIмат буго ва дица гьел чIаго тун руго жидее къадар гьабураб ажал тIубазегIан.**

КигIанго мухIкан гьабураб гама бугониги, кигIанго лебалал гама бачулел гIадамалги ругониги, гьеб гама лъеда тIад чIей ва гьениб хьвади тIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъи буго ва гьес инсанасе ралъад квегъун буго. Ралъдадасан рекIун хьвадарал гIадамазда лъала гьеб ралъад багъарараб мехалъ кинаб гучаб хIинкъи гьезда тIад бачIунеблъи. Жиндие бокьани цохIо лахIзаталда жаниб гьеб гама кIалагъоркье сверизабизе кIола Аллагьасда (عز وجل).

Гьебго мисал буго гьаваялда боржунеб самолеталъулги, ракъдада хьвадулеб машинаялъулги. Гьел киналго Аллагьас инсанасе квегъун руго. Аллагьасе (عز وجل) гьел хвезаризе бокьараб мехалъ, инсанасда гьеб амру гьукъизе кIоларо ва гьеб иш тIубан хадуб азарго батIияб багьана бати гуреб жидеда гьабизе кIолеб жоги букIуларо. АлхIамдулиллагь, Кинабго рецц тIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) буго жинца нилъ бусурбабилъун гьарун ругелъул ва жиндир хIукму-къадаралда божулелги гьарун ругелъул.

**45. Гьел мушриказда абураб мехалъ нуж хIинкъа нужеда цере рукIарал умматазда щвараб гIадаб гIазаб ва гьалаг гьари щвеялдаса, гьединго нуж хIинкъа жиб тIаде бачIине бугеб ахираталъул гIазабалдасаги, гьедин нуж хIинкъани Аллагь (عز وجل) нужеда гурхIилин абун,-** гьел мушрикаца жидее гьабураб вагIза босичIо.

**46. Гьезухъе рачIарал Аллагьасул гIаламатаздаса цониги гIаламатги бачIинчIо, гьелдаса жал руссун гурони.** Жидеца гьелъул пикру гьабичIо ва Аллагьасда иман лъечIо.

**47. Гьел мушриказда ва капурал гIадамазда абураб мехалъ нужеца садакъа ва напакъа кье Аллагьас (عز وجل) нужее кьураб ризкъиялдасаян абун, капурал гIадамаз муъминбазул хIакъалъулъ абуна: «Нижеца напакъайищ кьолеб гьел Аллагьасда иман лъурал гIадамазе? Аллагьасе бокьун букIараб ани гьес кьелаан гури гьезие напакъа? Нуж цIакъ баянаб къосиналъулъ рукIин бихьулеб буго нижеда!** Аллагьас пакъир гьарурал гIадамазе напакъа кье абун нижеда аби нужер ахIмакъльи ва къосин буго- абун.

**48. Гьез абулеб буго кидаха букIине бугеб нужеца къотIи гьабулеб къиямасеб къо ва гьелъул гIазабги, нуж битIараб жо бицулел ратани? – абун.**

**49.** Гьеб цIакъ гIагардаго буго ва щибго лъачIого гьезда тIад щвезеги буго. **ЦохIо Исрапил малаикас суралъуб пуй гурони гьечIо гIадамал жинда балагьун, жиб кидал букIунеб лъаларого бугеб къиямасеб къо тIад щвеялъул гIаламат. Цинги гьел къиямасеб къоялъ ккола, жидерго даран-базаралда, дагIба-къецалда, дунялалъул ишазда рукIадго.**

**50. Цинги гьезул хIал кIоларо цоцадехун аманат-васият гьабизе. Гьединго гьезда кIоларо жидерго агьлу-хъизаналде тIад руссинеги.**

**5I. Цингиги суралъуб пула ва гьеб кинабго халкъ жидер хобаздаса къватIире рахъун, БетIергьанас ахIараб рахъалде гIедегIун уна.**

**52. Къиямасеб къоялда инкар ккун рукIарал гIадамазги абула: «Вай нижее бугеб къварилъи! Щив чи вугев жинца ниж регун рукIараб бакIалдаса тIаде рахъинарурав?» - абун.** Гьезие жаваб гьабун абула**: «Гьаб буго тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) къотIи гьабулеб букIараб ва гьесул аварагзабаца жиб ритIухъ гьабулеб букIараб къиямасеб къо» - абун.**

**53.** Гьаб халкъ тIаде бахъинаби Аллагьасе щибго захIматаб жо гьечIо. **Гьеб гьечIо цохIо нухалъ Исрапил малаикас суралъуб пуй гурони. Гьеб суралъуб пураб мехалъ кинабго халкъ Дида аскIоб бакIарун жидер хIисаб-мизан ва жаза гьабизе хIадурун чIун рукIуна.**

**54.** Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан гьеб халкъалда хитIаб гьабула: **Жакъа цониги напсалъе зулму гьабуларо ва щибаб напсалъе жаза гьабула гьелъ дунялалда гьабураб гIамалалда рекъараб -** абун.

**55. Гьеб Къиямасеб къоялъ алжаналъул бетIергьаби жидерго нигIматазулъ рукIуна ва жужахIалъул агьлу ракIалде щвеялдаса машгъуллъун рукIуна.**


**56. Гьел муъминзабиги гьезул руччабиги алжаналъул пихъил ахазул рагIдукь рукIула, жавгьар-якъутаз къачIарал тахазда тIад гIодор чIун ва хьибилчIван, рахIаталда рукIула.**

**57. Гьезие тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) алжаналда жаниб батIи-батIияб пихъ бижун буго ва гьезие щиб жо бокьаниги, гьеб щолебги буго.** Гьеб тIалаб гьабизе хадур лъугьинчIого, гьелда къасд ккарабго гьеб жидеда аскIоб чIун батула.

**58.** Алжаналъул агьлуялъул цоцадехун бугеб хитIабги буго: «Салам» аби. **Гьеб алжаналъул агьлуялда Аллагьасул рахъалъанги абула: «Нужее салам буго жив гурхIулев нужер БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан» - абун.**

Алжаналъул агьлуялде тIаде радал-бакъанида малаикзабиги лъугьула ва гьезги «Ассаламу гIалайкум»- абун гьезие тахIият (кIодо гьари) гьабула.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб хIадисалъулъги буго: *«Алжаналъул агьлу жидер нигIматазде машгъуллъун рукIадго гьезда тIаде цо нур баккун бучIула. БетIер тIаде борхун жал*



*балагьидал гьезда БетIергьан Аллагь (عز وجل) вихьула жидеда тIаде ваккун ва гьес абула: «Ассаламу гIалайкум, я алжаналъул агьлу!»* - абун. Гьаб хIадисалъ баян гьабураб магIна буго гьаб аяталъулги.

**59. Гьеб къоялъ тIадегIанав Аллагьас (عز وجل) абула: «Нуж ратIалъе ва рикIкIалъе, я гьал капурзаби,** дида иман лъурал ва дие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзабаздаса» - абун. Гьаб рагIи гьезде абула хIисаб-мизан гьабизе махIшаралде ракIарараб мехалъ ва гьеб хIисаб гьабун алжаналъул агьлу алжаналде, жужахIалъул агьлу жужахIалде битIулеб мехалъги. Гьел капурзабазда бадибчIвай гьабун тIадегIанав Аллагьас жегиги абула:

**60.** Гьезда бадибчIвай гьабун тIадегIанав Аллагьас жегиги абула: **Дица нужеда амру гьабун букIана гурищ, я гьал Адамил лъимал, нужеца щайтIаналъе лагълъи гьабуге абун. Гьеб щайтIан нужер баянаб тущман бугин,** жиндир мурад нуж къосинари бугеб абун.

**6I. Нужеца дие лагълъи гьабеянги амру гьабуна гурищ нужеда?** ЩайтIаналъе лагълъи гьабичIого ТIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) лагълъи гьаби буго **битIараб нух ва хIакъикъияб дин.**

**62. Гьаб щайтIаналъ нужедаса гIемерал умматал ва къавмал къосинаруна ва дие гIибадат гьабиялдаса гьел нахъчIвана. Гьеб жо нужеда щай бичIчIунареб ва гьелдасан гIакълу щай босунареб?**

**63. Гьаб буго нужее къотIи гьабулеб букIараб, амма нужеца гьереси гьабураб жужахIалъул цIа.**

**64. Жакъа нуж гьеб жужахIалде жанире лъугьа ва нужеца гьелъул гIазабги чIаме! Дунялалъул рукъоб нужеца гьабураб купру-ширкалъул жазалъун буго нужее гьаб гIазаб.**

**65. Жакъа дица гьал капурзабазул кIалазда мугьру чIвала ва дида гьезул кверал кIалъазе руго, цогидал лугбалги кIалъазе руго. Гьезул хIатIаз ва тIолалго лугбаз нугIлъиги гьабизе буго жидеца гьабураб гIамалги бицун.**

**66. Дие бокьун букIарабани дица гьел къурайшиязул мушрикал беццал гьарилаан, цинги гьел жидерго нухда инеянги лъугьинаан ва амма кинха гьезда нух бихьилеб?**

**67. Дие бокьани дица гьезул къаркъала хисинабилаан жал ругеб бакIалдаго ва гьезда кIвезе букIинчIо гьеб бакIалдасан тIаде рахъун церехун ине яги нахъ руссун рачIине.**

**68. Дица жидее халатаб гIумру кьурал гIадамазул тIабигIаталги гIаксалда сверизарула.** ГIолохъанлъи херлъиялда сверизабула, къуват загIиплъиялде сверизабула, гIакълу-тадбирги лъималазул гIадаб гьабула**. Жидеда кин бичIчIулареб тIадегIанав Аллагь (عز وجل) вукIин кинабго жоялда хIалкIолев** ва гьес жидееги бокьараб гIазаб гьабизе бегьулеблъи.

**69. Дица дир расул МухIаммадида ﷺ щигIру гьабизе лъазабичIо. Гьесда рекъарабги гьечIо щигIру гьабулев чилъун вукIизе. Гьев вуго жиндир уммат диналде ахIизе витIарав дир хIакъав авараг. Гьев аварагас умматалъе цIалулеб жоги гьечIо гьезие вагIза-насихIат гурони ва Аллагьас жинде рещтIинабураб хирияб Къуръан гурони.**

**70. Гьев авараг умматалде витIун вуго чIаго ругезе Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьезе, Аллагьасде инкар ккурал гIадамазе жужахIалъул гIазаб букIин хIакъаблъунги гьабизе.**

**7I. Гьел мушрикал кин балагьуларел** ва жидеца пикру щай гьабулареб **Дица жидее батIи-батIиял хIайванал рижун рукIиналъул. Гьел гIадамал жал бетIергьабилъун рахъунелги руго дол хIайваназул.**


**72. Дица гьел хIайванал квегъун руго гIадамаз жидедаса мунпагIат босизе. Гьел хIайваназда тIад рекIун сапаразде ине ва гьел хIайваназул гьан кваназе.**

**73. Гьединго гIадамаз гьел хIайваназдаса цогиги мунпагIатал росула:** квас-расалдаса, цIоко-тIомалдаса. **Гьел хIайваназул рахьги гьекъола,** гьелъул хIан-нахги гьабула. **Гьаб кинабго жо жидее бижарав, гьеб квегъарав, гьеб жидее ризкъилъун гьабурав Аллагьасе (عز وجل) щукру гьабиларищха гьал гIадамаз?**

ТIадегIанав Аллагьас инсанасе квегъун ругел хIайваназул пикру гьабурав чиясеги кIудияб далил ва хIужжа буго Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабизе. ГьитIинаб лъимералъ квелъ ккун бачунеб чу, оц, варани нилъеда бихьула. Пилалда тIадги рекIун гьеб хьвадизабулел гIадамалги рихьула. Гьел хIайванал инсанасда гIасилъани ва тIурун ани, яги рагъизе ротани, гьесул хIалги кIоларо гьезул гIадлу гьабизе ва гьезде данде чIезе.

**74. Жидеца Аллагьги тун хъанчал ккуна аллагьзабилъун гьез жидее квербакъи гьабизе бугин абун.** Гьел хъанчал руго жидер гIакълу-лъай гьечIел, жидеда щибго жо бихьуларел ва рагIуларел ганчIал ва магIданиял жал.

**75. Гьел хъанчазул хIалкIоларо жидее лагълъи гьабулел муширказе щибго квербакъи гьабизе.** Гьедин бугониги муширкал гьал хъанчазул рахъ ккколел, гьезие боцIи-мал харж гьабулел, гьезие хъулухъ гьабулел руго**. Хъанчазе мутIигIал боязда релълъун руго муширкал жидер пишаялъулъ.**




КъуртIубияс абуна: гьел муширказда рихьана Аллагьасул (عز وجل) хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел аятал, гьедин бугониги гьез хъанчал ккуна жидее гIибадат гьабулел алагьзабилъун. Гьезул щибго жо гьабизе хIалги кIоларо. Муширкал гьел цIунун, гьезул рахъ ккун кIалъелел рукIула. ХIакъикъаталда муширкал гьел хъанчазул боязда ва лагъзадерида релълъун руго.

**76. Мун пащман гьавуге, МухIаммад ﷺ, гьел муширказ дуда тIаса бицунеб хабаралъ. ХIакълъунго дида лъала гьез дуда ргIизабун бицунеб жоги, гьезул ракIазулъ бугеб пикруги.**

**77. Гьав дида инкар ккурав инсанасда кин лъалареб дица жив вижун вукIин манидул къатIраялдаса? Гьеб ишги лъачIого купру-ширкалда вугев инсан жиндир БетIергьан Аллагьасде (عز وجل) цIакъ къацандулев вуго!**

**78. Гьав капурчияс дие мисал бачунеб буго дица жив кин вижун вугевги кIочон тун. Гьес абулеб буго гьал турарал рукьби жинца чIаго гьарулев чи щив вугев? - абун.**

**79. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, гьел турарал рукьби чIаго гьаризе руго жинца гьел байбихьудаго рижарав Аллагьас (عز وجل). Гьев Аллагь вуго жинца бижараб махлукъалъул хIал жинда лъалев.**

**80. Гьев БетIергьан Аллагь вуго** нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав хан **- жинца нужее биччараб, гIатIгояб цIулалдасаги цIа гьабурав, цинги нужеца гьелдалъун цIа бакула**. ЦIа буго жинца цIул бухIулеб жо. Гьеб жинца цIул бухIулеб цIа Аллагьас гIатIгояб гъветIалъул цIулалдаса баккизабула. Гьеб цIулги пальма буго ва марахги буго.


**8I. Гьал зобалги ракьалги жинца рижарав Аллагь гьечIищха хун хадур гIадамал тIаде рахъинаризе кIолев?** Вуго гьев Аллагь хун хадур гIадамал тIад рахъизарулев. **Гьев Аллагь (عز وجل) вуго жинца кинабго жо бижулев ва кинабго жоялъул маслихIаталги лъалев.**

**82. Гьев Аллагьасе цо амру лъугьине бокьараб мехалъ, гьес «Кун»-абураб ргIи абула ва гьеб жиндие бокьараб амруги лъугьула.** ТIадегIанав Аллагь гьеб «кун» абун абиялда хIажатав гьечIо. Гьесие бокьараб лахIзаталъ бокьараб жо лъугьула. Гьаб ргIи буго нилъер гIакълуялда рекъараб хIалалъ цо иш баян гьабун абураб.

**83. Кинабго жоялъул ханлъи ва ихтияр жинда кодоб бугев БетIергьан Аллагь (عز وجل) тIадегIанав ва вацIцIадав вуго.** Кинабго махлукъ гьесул милк ва мулк буго, кинабго къуват-къудратги гьесие буго. Гьаб дунялалъул рукъоб бугеб нилъеда лъалебги лъаларебги, рухI бугебги рухI гьечIебги махлукъ Аллагьасул тадбиралдалъун хьвадулеб буго. Ахираталда кинабго амру ва хIукму гьев Аллагьасде (عز وجل) буссунеб буго. **Киналго гIадамал ва женал жидер хIисаб-мизан гьабизе ва жаза гьабизе Аллагьасде руссунел руго.**

**37. Сурату Ссафати**

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб нусиялда ункъоялда кIиго аят бугеб.




**I. 2. 3. Дун гьедулев вуго жидеца мухъал гьарулел малаикзабадалъун, жидеца накIкIал цере къотIун рачунел малаикзабаздалъунги, Аллагьасул (عز وجل) аятал аварагзабазе цIалулел, Аллагьасе тасбихI гьабун, гьесие рещц гьабун, цIалдолел малаикзабаздалъунги гьедула дун.**

**4. ХIакъалъунго нужеца гIибадат гьабизе хIакъав Аллагь цохIо Аллагь (عز وجل) вуго абун.**

**5. Зобалазулги ракьалъулги, гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъаталъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь (عز وجل). Бакъ баккулеб ва бакъ тIерхьулеб рахъалъул БетIергьанги вуго.**

**6. ХIакълъунго дица дунялалда тIад бугеб зоб берцин гьабуна цIвабзаздалъун.**

**7. Гьел цIвабзаздалъун дица зобги цIунана Аллагьасе мутIигIлъиялдаса жиб бахъараб щайтIаналдаса.**

**8. 9. Гьел щайтIабазда кIоларо зобалазда бицунеб хабаралде гIенеккизе. Гьезда зодиса цIадул сунтурал речIчIуна киналго рахъаздаса гьел щайтIаби нахъчIвазе гIоло. Гьезие ахираталдаги жиндие нахъаса къотIи гьечIеб гIазаб букIизе буго.**

**I0. Жинца зобалазда бицунеб цо дагьабго жо бикъизе кIвараб щайтIаналда хадубги дица цIадул сунтур речIчIуна ва гьеб бухIун тIагIинабула.**

**II. Дуца** маккаялъул муширказда гьезда гIайб чIван **гьикъе, МухIаммад ﷺ, нуж рижийищ бугеб Аллагьасе кIудияб иш, яги гьал зобал-ракьалги, цогидаб махлукъатги бижийищ кIудияб иш бугеб? Дица гIадамазул кIудияв эмен Адам вижана гурищ тамахаб, биччараб хIащалдасан?**

**I2. Мун гIажаиблъулев вуго МухIаммад ﷺ,** гьел муширказул ахIмакълъиялда, киндай гьез инкар кколеб абун Аллагьасул къудраталда. **Гьел мун махсароде гьавун дуда тIад релъанхъулел руго** мун жундуца ккун вугин ва дуца гIадалаб хабар бицулеб бугин абун.

**I3. Ва дуца вагIза гьабураб мехалъ гьез вагIзаги босулеб гьечIо.**

**I4. Жидеда мухIканал гIаламатал ва мугIжизатал рихьараб мехалъги мун махсароде гьави жегиги цIикIкIинабулеб буго.**

**I5. Гьез абуна гьаб аварагас гьабураб жо баянабго сихIру бугин абун.**

**I6. Ниж хун турарал рукьбилъун ва ракьлъун лъугьун хадубги тIадейищ рахъинаризе ругел?**

**I7. Ва нижер цересел умумулгийищ тIаде рахъинаризе ругел?- абун.**

**I8. Дуца гьезда абе, МухIаммад ﷺ, битIараб буго! Нуж тIаде рахъинаризе руго ва нуж гIодорегIанги гьаризе руго.**


**I9. Гьел хварал тIаде рахъизари гьечIо Исрапил малаикас суралъубе пун цохIо гьаракь гьаби гурони – цинги кинабго халкъ тIаде бахъун балагьун чIун букIуна.**

**20.** Цинги гьеб халкъалда бичIчIуна щиб къо ва щиб бакI гьеб бугеб **ва гьезги абула: «Вай нижее бугеб къварилъи! Гьаб къиямасеб къо буго гурищ** нижер хIисаб-мизан гьабулеб ва нижее жаза гьабулеб» - абун. Гьезие жаваб гьабун малаикзабазги абула:

**2I. Гьаб бугоха Аллагьас (عز وجل) муъминзабиги капурзабиги цоцадаса ратIа гьарулеб къо, дунялалда рукIаго нужеца жиб гьересиги гьабулеб букIараб абун.** Хадуб Аллагьас (عز وجل) малаикзабазда хитIаб гьабун абула:

**22.-23. Нужеца данде гьаре киналниги квешал залимзаби ва гьезул капурал руччабиги.** Цоги магIна гьабуна: Жидер квешаб гIамал цогоял гIадамазул мухъал гьаре: цIогьабазул, зиначагIазул, мехтел гьекъолел чагIазул**. Гьез жидее лагьлъи гьабулел рукIарал хъанчалги данде гьаре. Цинги гьел киналго цадахъ жужахIалде жанире унеб нухда лъе.**

**24. Нужеца гьел СиратIалда аскIор чIезеги гьаре! Гьезда гьикъизе буго жидеца гьабураб кинабго гIамалалдаса.** гьезда бадиб чIвай гьабун абизе буго:


الجزء الثالث والعشرون سورة الصافات

مَا لَكُمْ لَا تَنَاصَرُونَ ﴿٢٥﴾ بَلْ هُمُ الْيَوْمَ مُسْتَسْلِمُونَ ﴿٢٦﴾ وَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ
عَلَىٰ بَعْضٍ يَتَسَاءَلُونَ ﴿٢٧﴾ قَالُوا إِنَّكُمْ كُنتُمْ تَأْتُونَنَا عَنِ الْيَمِينِ ﴿٢٨﴾
قَالُوا بَل لَّمْ تَكُونُوا مُؤْمِنِينَ ﴿٢٩﴾ وَمَا كَانَ لَنَا عَلَيْكُم مِّن سُلْطَانٍ ۖ
بَلْ كُنتُمْ قَوْمًا طَاغِينَ ﴿٣٠﴾ فَحَقَّ عَلَيْنَا قَوْلُ رَبِّنَا ۖ إِنَّا لَذَائِقُونَ ﴿٣١﴾
فَأَغْوَيْنَاكُمْ إِنَّا كُنَّا غَاوِينَ ﴿٣٢﴾ فَإِنَّهُمْ يَوْمَئِذٍ فِي الْعَذَابِ مُشْتَرِكُونَ
﴿٣٣﴾ إِنَّا كَذَٰلِكَ نَفْعَلُ بِالْمُجْرِمِينَ ﴿٣٤﴾ إِنَّهُمْ كَانُوا إِذَا قِيلَ لَهُمْ
لَا إِلَٰهَ إِلَّا اللَّهُ يَسْتَكْبِرُونَ ﴿٣٥﴾ وَيَقُولُونَ أَئِنَّا لَتَارِكُو آلِهَتِنَا
لِشَاعِرٍ مَّجْنُونٍ ﴿٣٦﴾ بَلْ جَاءَ بِالْحَقِّ وَصَدَّقَ الْمُرْسَلِينَ ﴿٣٧﴾ إِنَّكُمْ
لَذَائِقُو الْعَذَابِ الْأَلِيمِ ﴿٣٨﴾ وَمَا تُجْزَوْنَ إِلَّا مَا كُنتُمْ تَعْمَلُونَ
﴿٣٩﴾ إِلَّا عِبَادَ اللَّهِ الْمُخْلَصِينَ ﴿٤٠﴾ أُولَٰئِكَ لَهُمْ رِزْقٌ مَّعْلُومٌ ﴿٤١﴾
فَوَاكِهُ وَهُم مُّكْرَمُونَ ﴿٤٢﴾ فِي جَنَّاتِ النَّعِيمِ ﴿٤٣﴾ عَلَىٰ سُرُرٍ مُّتَقَابِلِينَ
﴿٤٤﴾ يُطَافُ عَلَيْهِم بِكَأْسٍ مِّن مَّعِينٍ ﴿٤٥﴾ بَيْضَاءَ لَذَّةٍ لِّلشَّارِبِينَ
﴿٤٦﴾ لَا فِيهَا غَوْلٌ وَلَا هُمْ عَنْهَا يُنزَفُونَ ﴿٤٧﴾ وَعِندَهُمْ قَاصِرَاتُ
الطَّرْفِ عِينٌ ﴿٤٨﴾ كَأَنَّهُنَّ بَيْضٌ مَّكْنُونٌ ﴿٤٩﴾ فَأَقْبَلَ بَعْضُهُمْ عَلَىٰ
بَعْضٍ يَتَسَاءَلُونَ ﴿٥٠﴾ قَالَ قَائِلٌ مِّنْهُمْ إِنِّي كَانَ لِي قَرِينٌ ﴿٥١﴾
٤٤٧

**25. «Жакъа щайха нужеца цоцае квербакъи гьабулареб?** Нужер аллагьзабацаги гьечIо гурищ нужее шапагIат гьабулеб?» - абун.

**26. Жакъа гьел киналго цIакъ мукIурлъун, мутIигIлъун, кверде рачIун чIун руго.** Гьезул кIалъазе кIолев чиги гьечIо, дунялалда букIараб гIамал кIодолъиги тIагIун ун буго.

**27. Гьеб жужахIалъе агьлулъун лъугьарал гIадамал цояз цоязда гIайиб чIвазе ва гьикъардизе лъугьуна.**

**28.** Жал нахърилъун рукIараз жидер церехъабазда **абула: «Нуж рукIана нижехъе рачIунел хIакъаб, битIараб дин бугин абун хабар бицун, ниж гуккун, батIулаб дин гьабизе тIамулел»-абун.** Цоги магIна буго: нужеца къуваталдалъун тIамуна ниж купру-ширк гьабизе - абун.

**29. Церехъабаца абула: «Гьедин букIинчIо амру! Нужго рукIана иман лъечIел.**

**30. Нижер щибго къуват-гьунар букIинчIо хIал гьабун нуж ширк гьабизе тIамизе.**

**3I. Гьанже нилъ киназдаго хIакълъана нилъер БетIергьан Аллагьасул рагIи: нилъее къотIи гьабураб гIазаб хIакълъана ва нилъеца гьеб гIазаб чIамизе буго.**

**32. Нижеца нуж къосиялде ахIана нижгоги къосарал рукIин сабаблъун» - абун.**

**33.** ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Гьел киналго къиямасеб къоялъ жужахIалъул гIазабалъулъ гIахьаллъизе руго.**

**34. Гьединаб жазаъ гьабула дица киналниги жидеца гIасилъи гьабурал гIадамазе.**

**35. «Лаилагьа иллаллагь»-абун, Аллагь (عز وجل) цо гьавеян абидалго, гьел чIухIулел рукIана Аллагьасда иман лъезе.**

**36. Гьез абулеб букIана: «Нижеца нижер аллагьзабазе гьабулеб лагьлъи телищха гьев жундуца ккурав шагIирасул рагIиялъе гIоло» - абун.**

**37. Гьез абулеб рагIи гьереси буго. Гьев МухIаммад ﷺ вуго жив хIакъаб диналдалъун вачIарав ва жинца цересел аварагзабиги ритIухъ гьарулев Аллагьасул расул.**

**38. Нуж руго, я гьал мушрикал, нужеца цIакъ квешаб гIазаб чIамизе бугел гIадамал.**

**39. Гьеб нужее гьабулеб гIазабги букIине гьечIо нужеца гьабураб гIамалалъул жаза гурони.**

**40. Жидеца Аллагь (عز وجل) цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзабаца чIамизе гьечIо гьеб жужахIалъул гIазаб.**

**4I. Гьел муъминзаби руго жидее хирияб алжаналъул ризкъи букIунел гIадамал.**

**42.-43. БатIи-батIиял пихъалги руго гьел алжаназда ва гьел муъминзабиги цIакъ хира гьарун рукIуна нигIматазул рукълъун бугеб алжаналда жанир.**

**44. Тахазда тIад гIодор чIун, цоцазде данде ритIун рукIуна.** Цоцазул гьурмазде ралагьун рохун ва разилъун рукIуна.

**45. Гьезда тIад алжаналъул хъулухъчагIилъун ругел лъималги хьвадула жиб гIор гIадин чвахунеб жадул цIурал лълъаралги росун.**

**46. ЦIакъ хъахIаб ва жиб гьекъезе бокьулеб букIуна гьеб жа.** Дунялалъул жа гIадаб кьогIаб букIунаро.

**47. Гьелда жаниб гIакълу сверизабулеб ва жинца бетIер унтизабулеб жо букIунаро.** Жа абун жинда цIар букIин гуреб, гьеб дунялалъул жаялда релълъараб букIуларо.

**48. Гьел муъминзабазда аскIор цохIо жидер россабазда гурони жидеца бер балагьуларел, жидер берал гIатIидал ва берцинал руччабиги рукIуна.**

**49. ЦIакъ рацIцIадал, кьер хъахIал, жиндир лъелалда (рокъоб) жаниб бугеб луълуалда релълъарал рукIуна гьел руччаби.**

АбухIаян абулев гIалимас абуна: ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) гьал аятазда (40-49) жаниб бищун ццебе черхалъ лазат босулеб ризкъиялъул бицана, хадуб напсалъе лазатлъун бугеб хира гьари бицана, цинги гьел руссунеб хирияб бакI (алжан) бицана. Хадубги цоцазде данделъун, цоцазул гьумер бихьун щолеб лазаталъул бицана, жидее кеп-лазат щвезе гьекъолеб жаялъулги бицана. Ахиралда инсанасе бокьулеб руччабаздаса лазат босиялъул ва гьезулгун гьабулеб рекIелгъеялъул бицана.

**50. Гьел муъминзаби цоцазде хабар бицун кIалъалелги рукIуна.**

**5I. Гьезул цояс абула: «Дида цадахъ вукIунев цо гьудул вукIана.**

**52. Гьес абулеб букIана унгого мун битIараб жо бицуневищ вугев?**

**53. Нилъ хун хадур тIадейищ рахъинаризе ругел? Ракьлъунги, турарал рукьбилъунги лъугьараб мехалъ кин нилъ тIаде рахъинарулел?» - абун.**


**54. Муъминчияс аскIор ругезда абула: «Нужее бокьилищ гьев чисул щиб хIалдай бугоян жужахIалдехун ралагьизе?» - абун.**

**55. Гьев жужахIалдехун валагьараб мехалъ, гьесда жиндир гьудул вихьана цIадав жанив,** жиндир черхалда цIа рекIун, бакараб кан гIадин гьеб цIаялъ вухIулев.

**56. Гьев вихьараб мехалъ муъминчияс Аллагьасе рецц гьабула ва гьес абула: «Валлагьи, дуца дун къосинавизе дагьаб жо хутIун букIана.**

**57. Дир БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) нигIмат букIун гурони ва гьес дие иманалда чIезе тавпикъ гьабун гурони, дунги мунгун цадахъ гьеб цIада жанив вукIинаан» - абун.**

**58-59. Цинги муъминчияс кIалгьикъи гьабун гьесде абула: «Гьанжеги абулищха дуца нилъ цо нухалъ хвезе руго, тIокIаб тIаде рахъинги букIине гьечIо, хIисаб-мизанги, алжан-жужахIги букIине гьечIо?» - абун?**




**60. Гьаб алжаналъул агьлуялъе Аллагьас (عز وجل) гьабураб цIоб-рахIму цIакъ кIудияб лъикIлъи-тIокIлъи буго.**

**6I. Гьаб алжан щвеялъе гIоло гIамал гьабе абе жидеца гIамал гьабулел гIадамаз.**

**62. Гьал алжаназул нигIматалищха лъикIал ругел** абадиялъго инсанасе жал рукIизе хIадурал: лъикIав гьоболас къачIараб бечедаб, сахаватаб гьоболлъиялда релълъун жал ругел, **яги** жужахIалъул агьлуялъул тIагIамлъун бугеб **закъумалъул гъветIищ лъикIаб бугеб?**

**63. Дица гьеб закъумалъул гъветI гьабун буго жидеца Аллагьасда (عز وجل) ва ахираталда иман лъоларел залимзабазе питналъун.** Гьел махсароде кколеб жолъун. Мушрикал релъунхъулел рукIана жужахIалда жаниб закъумалъул гъветI букIулин абураб мехалъ ва жидеца абулеб букIана: гъутIби рухIулеб цIеда жаниб гъветI кин бижулеб?- абун. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**64. Гьеб гъветI буго жужахIалъул тIиналдаса эхеде жиб бижун бачIулеб.**

**65. Гьеб гъветIалда тIад бижулеб пихъги цIакъ къабихIаб, щайтIабазул бутIрузда релълъараб буго:** кутакалда ракъун рукIун гьеб кваназе абун лъугьула жужахIалъул агьлу, гьелъул кьогIлъиги махIцинги гучаб батун, гьезда гьеб кваназе кIоларо.

**66. Цингиги жидеца гьеб пихъ кванан жидер чехь цIезе гьабула,** чара тIагIиялъ гьеб кваначIого чIезе кIоларо жидеда.

**67. Цинги гьеб закъумалъул кьогIлъиялъ къеч гьалаг гьабураб мехалъ, гьезие хIамим кьола гьелда тIад гьекъезе.** Жинца жаниб бугеб кинабго жо бухIулеб, гьалдезабулеб жужахIалъул лъим буго гьеб. Гьеб хIамим жужахIалъул кIалтIа буго абуна гIалимзабаз.

**68. Цинги гьел жужахIалде жанир руссизарула ва тIокIаб жидее гьениса къватIире рахъин букIуларо.**

Абу СугIудица абуна: гьеб закъумги хIамимги буго гьезие жужахIалде жанир лъугьулеб мехалъ гьабулеб гьоболлъи-абун.

**69. Гьел мушриказда жидер умумул ратана жал къосараллъун.**

**70. Цинги гьел жидер умумузул нухда ине гIедегIулел руго.**

**7I. Гьаб дур умматалда цереги гIемерал умматал рукIана, МухIаммад ﷺ, жал къосарал ва жидеца купру-ширк гьабулел.**


**72. БичасхIаги, дица гьездаги аварагзаби ритIана гьезие хIинкъи кьолеллъун.** Амма гьез аварагзаби гьереси гьаруна.

**73. Мун валагьеха, МухIаммад ﷺ, киндай ккана гьел жидехъе авараг витIарал ва гьев гьереси гьавурал къавмазул ахир абун.**

**74. Жидеца купру-ширк гьабичIел, Аллагьасе гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзаби гьалаг гьаричIо дица.**

**75. Жиндир къавмалъ исламияб дин къабул гьабичIеб мехалъ НухI (гIв) аварагас дида ахIи бана. Дун цIакъ лъикIав вуго дида ахIарасе жаваб кьезе.**

**76. Дица НухI авараг ва гьесул иман лъураб агьлуги хвасар гьабуна тIупаналдалъун гьанкъиялдаса ва кIудияб пащманлъиялдаса.**




**77. Дица гьев НухIил (гIв) зурриятги гьабуна нахъе хутIулеблъун.**

**78. Дица НухI аварагасул лъикIаб бицен тана хадусел умматазе.**

**79. Аллагьасул салам буго НухI аварагасда кинабго заманаялъ ва киналго умматазулъ.**

**80. Дица гьединаб лъикIаб жазаъ гьабула жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабурал муъминзабазе.**

**8I. Гьев НухI (гIв) авараг дир иман лъурал лагъзадеридаса вуго.**

**82. НухI авараг ва муъминзаби гамида рекIизарун хвасар гьарураб мехалъ нахъе хутIарал капурзаби дица тIупаналдалъун гьанкъинаруна.**

**83. Гьев НухI аварагасул нухалда вугездаса вукIана Ибрагьим аварагги.**

**84. Гьев Ибрагьим (гIв) жиндир БетIергьан Аллагьасде (عز وجل) бацIцIадаб, щаклъи гьечIеб иман лъураб ракIалдалъун вачIараб гIужалъ.**

**85. Ибрагьимица жиндир инсуда ва къавмалдаги абураб гIуж рехсе нужеца щиб жоялъе бугеб лагъалъи гьабулеб?**

**86. Аллагьги (عز وجل) живго тун гьересиял алагьзабийищ кколел ругел жидее лагъалъи гьабулел жаллъун?**

**87. Нужеда ракIалда щиб ккколеб гьаб кинабго гIалам жинца бижарав ва гьелъул тадбир гьабулев БетIергьан Аллагьасул хIакъалъулъ?** – абун. Гьес нуж щибго гIакъуба гьабичIого телинищ нужеда ккколеб, гьеб батIулаб жоялъе лагъалъи гьабиялде данде?

**88. Цинги Ибрагьим зобалазда ругел цIвабзаздехун валагьана.**

**89. Хадуб гьес къавмалда абуна: «Валлагьи, дун унтизехъин вуго -** дун нужгун цадахъ нужер байрамалде вачIинароян»-абун.

**90. Цинги гьесул къавм, гьевги живго тун жидерго байрамалде ана.**

**9I. Гьеб къавм арабго Ибрагьим (гIв) гIедегIана гьезул аллагьзабазухъе, ва жинца гьел хъанчазде абуна: нужеца гьаб тIагIам щай кваналареб;**

**92. Нуж кIалъалаги гьечIо гурищ?-абун.**

**93. Цинги Ибрагьим аварагас** жинца цадахъ босараб гIащтIи **къуваталда, кваранаб квералъ кьабана гьел хъанчазда.** Рек-рекун гьел хъанчалги ран, гьезул бищун кIудияб хъанчалъул габуралда гIащтIиги дализабун Ибрагьим вугеб мехалъ,

**94. ЦIакъ гIедегIун гьесул къавм Ибрагьимиде аскIоре рачIана.**

**95. Ибрагьимица абуна: «Нужеца лагъалъи нужерго квераз гьарурал хъанчазейщ гьабулеб бугеб?**

**96. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго гурищ нужги ва нужеца гьарурал хъанчалги жинца рижарав?» - абун.**

**97. Ибрагьимил къавмалъ абуна гьев Ибрагьимие нужеца цIа жаниб бакунеб бакI бай. Гьениб жаниб цIаги бакун гьеб гьалаглъараб мехалъ Ибрагьим гьеб цIадаве рехе - абун.**


**98. Гьеб къавмалъе бокьун букIана Ибрагьим авараг цIадаве рехун вухIине. Амма Дица гьеб къавм цIакъ гIодобегIан гьабуна.** Ибрагьим цIаялъ вухIине течIого.

**99. Ц**Iаялдаса хвасар гьавун хадуб **Ибрагьимица абуна: «Гьанже дун унев вуго дирго БетIергьан Аллагьасухъе**. Гьесул амруялда нахъ вилъалъине. **Гьев Аллагьас (عز وجل) дун хIакъаб нухда тIовитIизе вуго» - абун.**

**I00.** ВатIан тун, агьлу тун индал, Ибрагьимица Аллагьасде дугIа гьабун абуна: **«Я дир БетIергьан! Дуца дие кье мун цо гьавулеб, дуе гIибадат гьабулеб лъикIаб лъимер» - абун.**

**I0I. Дица Ибрагьимида (гIв) рохелги бицана дуе гьавизе вугин цIакъ хIалимав вас.**

**I02. Гьев вас Ибрагьимгун цадахъ хьвадулеб гIужалде вахараб мехалъ, Ибрагьимица абуна: «Я дир вас! Дида макьилъ бихьана дица мун хъолев вугин абун. Мунго ургъеха щиб гьабундай лъикI абун. ИсмагIилица абуна: «Я дир эмен! Дуца тIубазабе Аллагьас (عز وجل) дуда амру гьабураб иш. Аллагьас хъван батани дуда дун ватизе вуго цIакъ жидеца сабру гьабулел гIадамаздаса» - абун.**




**I03. Эменги васги Аллагьасул амруялъе мутIигIлъараб мехалъ ва Ибрагьимица ИсмагIил гьумералда вегизавун гIодов лъураб мехалъ,**

**I04. Дица гьесде ахIана: «Я Ибрагьим!**

**I05. Дуца ритIухъ гьабуна дуда бихьараб макьу.** Дуца хъвезе абун вегизавуна дуе хирияв, дур цохIого вугев вас. Гьеб буго мун дир амруялъе мутIигIлъи ва дие гьеб гIезе буго. Гьев вас хъвей дица дуда тIаса босана. **Гьединаб жазаъ гьабула дица дида мутIигIал ва жидеца дун разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе.**

**I06. Гьаб иш букIана цIакъо кIудияб ва баянаб хIалбихьи.** Аллагьас жиндир Халиллъун (вокьулев) гьавурав Ибрагьимил хIалбихьи гьабуна гьесул халиллъун вугев вас ИсмагIил хъве абун амру гьабун. Ибрагьим аварагас жиндир БетIергьан Аллагьасул амру тIаса бищана ва гьев разилъи тIалаб гьабун жиндие хирияв вас хъвезе разилъана.

**I07. Дица ИсмагIил хвасар гьавуна алжаналъул цIакъ кIудияб куйги кьун.**

**I08. Гьев Ибрагьим аварагасул берцинаб биценги нахъе хутIизабуна киналго умматазулъ.** Киналго диназда Ибрагьим авараг жив вещцарав ва жинда нахърилъулъунев вуго.

**I09. Дир рахъалъан салам буго Ибрагьимида,** гьев хира гьавураб ва кIодо гьавураб.

**II0. Гьединаб жаза гьабула дица жидеца лъикIаб гIамал гьабулел гIадамазе.**

**III. Гьев Ибрагьим авараг вукIана дир муъминал лагъзадеридаса.**

**II2. Ибрагьим аварагасда Дица жегиги рохел бицана дуе ИсхIакъ абун цIар бугев вас гьавизе вугин абун. Жив авараглъун вукIунев ва лъикIал гIадамаздасаги вукIунев.**

**II3. Дица дунялалъул ва диналъул амруялъулъ баракат гьабуна ИсхIакъие ва Ибрагьимие. Гьезул зуррияталдаса руго лъикIал муъминзаби ва аварагзаби. Гьединго купру-ширкалдалъун жидер напсалъе зулму гьабулелги руго.**

ЛъикIал гIадамазул квешаб зуррият букIин гьел гIадамазул гIайиблъун букIуларо. Киналго умматазул рукIана аварагзабада иман лъечIел гьезул умумул, яги гьезул васал . Гьаб мисал буго лъикIал муъминзабазул квешал лъимал рукIиналъулги. Гьеб буго Аллагьасул хIикматалдалъун бугеб иш: Аллагьас (عز وجل) жиндие рокьарал гIадамазул хIалбихьи гьабула батIи-батIиял хIалаздалъун. Лъимал хъизаналдалъун хIалбихьи гьаби буго гьел лъимал квешал лъугьин. Гьелдалъун жидее рекIел бакъвай букIизе ва гьелда сабро гьабун ажроги букIизе.

**II4. Дица цIоб-рахIму гьабуна Муса ва Гьарун аварагасдаги.**

**II5. Дица гьев кIиявгоги ва гьезул къавмги хвасар гьабуна цIакъ кIудияб къварилъиялдаса**

**II6. Дица Муса аварагасе ва Бануисраилазе квер бакъи гьабуна ва гьел пиргIавнил къавм къибтIияздаса бергьана.**

**II7. Дица Мусае ва Гьаруние жиб баянаб тIехь Тавратги кьуна, жиндир хIукму баянаб,** жиндир магIна гьваридаб.

**II8. Гьев кIиявго битIараб нухалдаги тIоритIана.**

**II9. Гьев кIиясулго берцинаб биценги нахъе тана хадусел умматазулъ.**

**I20. Аллагьасул салам ва рахIмат буго Муса ва Гьарун аварагасда.**

**I2I. Дица гьадинаб зажа гьабула иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел муъминзабазе.**


**I22. Гьев кIиявго вуго дир иман камилал лагъзадеридаса.**

**I23. ХIакълъунго Ильяс вуго дица расулаллъун ритIарал гIадамаздаса**. Гьев вуго Ильяс бину Ясин, Гьарун аварагасул лъималазул чилъун жив вугев.

**I24. Гьев Ильясица жиндир къавмалда абуна: «Нуж Аллагьасдаса хIинкъуларищ?**

**I25. Нужеца БагIло абулеб хъанчалъе лагъалъийищ гьабулеб, жинца кинабго махлукъ берцинго ва мухIканго бижарав Аллагьги (عز وجل) живго тун.**

**I26. ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) вуго нужерги ва нужер умумузулги БетIергьанлъун жив вугев»-абун.**




**I27. Гьеб къавмалъ Ильяс авараг гьереси гьавуна. Гьеб къавм жужахIалде жаниб лъугьизабун буго,**

**I28. Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзаби лъугьизаричIо жужахIалда жанир.**

**I29. Гьев Ильяс аварагасулги берцинаб бицен нахъе тана дица хадусел умматазе.**

**I30. Дир салам ва кIодо гьави буго Ильяс аварагасда ва гьесул агьлуялда.**

**I3I. Гьадинаб жаза гьабула дица дир лъикIал лагъзадерие.**

**I32. Гьев Ильясги (гIв) вукIана дир иман камилал муъминзабаздаса.**

**I33. ХIакълъунго ЛутIги (гIв) вуго дица аварагзабилъун ритIарал гIадамаздаса.**

**I34. Дица гьевги гьесда иман лъураб кинабго агьлуги гIазабалдаса хвасар гьаруна.**

**I35. Гьесул херай чIужу хутIана жидее гIазаб гьабуразда гьоркьоб.**

**I36. Цинги дица ЛутIил (гIв) къавм гьалаг гьабуна цIакъ квешаб гIазабалдалъун.**

**I37-I38. Нуж унел руго, я гьал къурайшиял, гьезул росаби рукIараб бакIалдаса рогьалил гIужалъ, къасиги, къадги. Гьеб ишалъул нужеца пикру гьабуларищ ва гьелдаса гIакълуги босуларищ?**

**I39. ХIакълъунго Юнусги (гIв) вуго дица аварагзабилъун ритIараздаса.**

**I40. Дуца рехсе гьев Юнус авараг гIадамазул цIураб гамидаги рекIун жиндир къавмалдаса лъутун араб гIуж.**

**I4I. Гьеб гама гъанкъиялда хIинкъун можоро тIамураб мехалъ Юнус авараг можороде къана ва гьев ралъдалъе рехана.**

**I42. Цинги гьев кIудияб ччугIаялъ къулчIана, жинда гIайиб чIаравлъунги вукIун.** Жинда тIад къараб рисалатги тIубачIого ва БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) изну гьечIого къавмалда гьоркьоса къватIиве анин абун.

Тапсиралъул гIалимзабаца абуна: гьев Юнус авараг жиндир къавмалда ракI къварилъун къватIиве вахъун вукIана, гьез жив гьереси гьавидал ва жиндир дагIватги босичIелъул. Юнус (гIв) ралъдал рагIалде щвараб мехалъ гьениб гIадамал тIад рекIун ине хIадурараб гама батидал, гьеб гамида тIад рекIана. Цинги цIакъаб гьури бахъун, карачелал кIодолъун гама гIанкъиялда хIинкъи бугеб хIал ккана.

Гама бачулел гIадамаз абуна: «Гьаб гамида цо ханасдаса лъутарав лагъ рекIун вуго, гьев чи ралъдалъе рехичIони нилъ киналго гъанкъизе руго» - абун. Цониги чи мукIурлъичIеб мехалъ жив вуго лъутарав лагъ абун, гьез можоро тIамуна ва гьеб можороялъ Юнус авараг къезавуна ва ралъдалъе рехана. Гьеб хIалалъ жив кIудияб ччугIил чохьонивги ккана.

**I43. I44. Гьев Юнус (гIв) жинца Аллагь (عز وجل) гIемер рехсолев, гьесие тасбихI гьабулездаса вукIун гурони, къиямасеб къо чIезегIан гьеб ччугIил чохьонив хутIилаан.**


**I45. Дица гьев Юнус (гIв) ччугIил чохьониса къватIиве вачун, бухIараб салул авлахъалде рехана ва гьев загIиплъун, унтунги вукIана.**

**I46. Дица гьесда тIаде хъабахъалъул гъветIги бижизабуна,** гьесие рагIад гьабизе ва гьев рухIчIаголъабазул заралалдаса цIунизе.

**I47. Цинги дица гьев Юнус авараг витIана нусазарго чиясда яги гьездасаги цIикIкIарал гIадамазда.**

**I48. Гьез Юнус аварагасда иман лъуна ва дица гьел чIаго тана жидее цIараб заман щун, щивав жиндир мехалъ хвезегIан.**

**I49. Дица къурайшиязул мушриказдаса жаваб тIалаб гьбун гьезда абе, МухIаммад ﷺ, нужеца дир БетIергьан Аллагьасул (عز وجل) ясал ругинищ абулеб, нужеего васал рукIизе бокьулеб мехалъ?**




**I50. Яги дица малаикзаби ясалллъун рижулеб мехалъ гьел мушрикал гьеб бакIалдайищ рукIарал, гьезда малаикзаби ясал рукIин лъазе?**

**I5I. I52. Нуж кантIе, я гьал гIадамал! Гьел мушриказ гьереси бицун абулеб буго Аллагьасул лъимал ругин абун. БичасхIаги, гьел руго жидеца гьереси бицулел гIадамал.**

**I53. Аллагьас (عز وجل) ясалищха тIаса рищине рукIарал васаздаса?**

**I54. Нужеца щай гьединаб хIукму гьабулеб?** Нужеца ясал васаздаса тIокI гьаруларо гурищ?

**I55. Гьаб бицараб жоялдаса вагIза щай гьел мушриказ босулареб?**

**I56.I57. Яги нужее баянаб хIужайищ бугеб,** малаикзаби гьесул ясал рукIин ритIухъ гьабулеб? **Нуж рачIаха гьеб хIужа хъвараб тIехьги босун, нуж битIараб бицулел ратани.**

**I58. Мушрикаца Аллагьасдаги жундуздаги гьоркьоб насаб хурхизабуна. ЩайтIабаздаги лъала мушрикал жужахIалде унеблъи.** Амма мушрикал цIакъ ахIмакъаб жо бицунел руго.

**I59. Аллагь (عز وجل) вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго гьел мушриказ жиндие гьарурал сипатаздаса.**

**I60. Жидеца Аллагьасе гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзабаца гьабуларо Аллагьасе мукъсанлъи бачIунеб сипат.**

**I6I-I62. I63. Нужги нужеца лагълъи гьабулел аллагьзабиги гьечIо иманалда ругел Аллагьасул лагъзал къосинаризе кIолеллъун. Аллагьас (عز وجل) жужахIалде лъугьинарулел гIадамал кIола нужеда къосинаризе.**

**I64.** Аллагьасул лагъзал рукIиялда мукIурлъун, малаикзабаз абулеб буго н**ижедаса щивав малаик вуго щивасе жиндир макъам бугев**.

**I65. Ниж Аллагьасе гIибадат гьабизе мухъал гьарун чIолел руго,**

**I66. Аллагьасе кидаго тасбихI гьабулелги руго.**

**I67. Гьел Маккаялъул мушриказ абулеб букIана**

**I68. нижедеги тIехь рещтIинабун букIараб ани цогидал умматазде гIадин**

**I69. Нижги Аллагьасе (عز وجل) гIибадат бацIцIад гьабулездаса рукIилаан - абун.**

**I70. Ж**идехъе хирияв авараг вачIиндал ва гьесда Къуръанги рещтIинабидал: **гьез Къуръаналда инкар ккуна**. Гьезда **нахъа лъазе буго кинаб гIазабдай жидеда щвела абун:**

**I7I. Дица аварагзабилъун ритIарал дир лагъзадерие, жиб цебего гьабураб къотIи буго**

**I72. Гьел аварагзаби жидее квербакъи гьабизе бугел ругин абун.**

**I73. Дир боялги капурзабаздаса бергьизе ругин абун**.

**I74. Мун гьел мушриказдаса вуссун чIа, МухIаммад ﷺ, Аллагьас дуда амру гьабизегIан** гьезда рагъ гьабеян абун.

**I75. Мун валагье, МухIаммад ﷺ, гьезда гIазаб щвараб мехалъ щиб хIалдай гьезул букIулаян абун. Гьезда жидедагоги бихьизе буго кинаб ахир кколеб гьезул купру-ширкалъул.**

**I76. Гьез дир гIазаб хехго бачIинищ тIалаб гьабулеб бугеб?**

**I77. Гьеб дир гIазаб жидер азбаралъуб рещтIараб мехалъ цIакъ квешаб къо букIине бугоха жидее хIинкъи кьолеб букIарал, амма жидеца иман лъечIеб къавмалъе.**

**I78. Мун гьездаса дагьаб мехалъ вуссун чIа, МухIаммад ﷺ.**


**I79. Мун гьезда бачIулеб гIазабалде валагье. Гьездаги бихьизе буго кинаб гIазаб жидеде бачIулеблъи.**

**I80. Дур БетIергьан Аллагь цIакъ вацIцIадав вуго гьел мушриказ гьарулел сипатаздаса. Жиндир гуч бергьарав БетIергьанги вуго гьев.**

**I8I. Аллагьасул салам ва рахIмат буго гьес халкъалда дин малъизе ритIарал аварагзабазда.**

**I82. Кинабго рецц ва щукруги тIадегIанав Аллагьасе буго, кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун жив вугев.**

Аллагьасул (عز وجل) тавпикъалдалъун Сурпату Свафаталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.


الجزء الثالث والعشرون سورة ص

بسم الله الرحمن الرحيم

ص ۚ وَٱلْقُرْءَانِ ذِى ٱلذِّكْرِ ﴿١﴾ بَلِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فِى عِزَّةٍ وَشِقَاقٍ ﴿٢﴾
كَمْ أَهْلَكْنَا مِن قَبْلِهِم مِّن قَرْنٍ فَنَادَوا۟ وَّلَاتَ حِينَ مَنَاصٍ ﴿٣﴾ وَعَجِبُوٓا۟
أَن جَآءَهُم مُّنذِرٌ مِّنْهُمْ ۖ وَقَالَ ٱلْكَٰفِرُونَ هَٰذَا سَٰحِرٌ كَذَّابٌ ﴿٤﴾
أَجَعَلَ ٱلْءَالِهَةَ إِلَٰهًا وَٰحِدًا ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَىْءٌ عُجَابٌ ﴿٥﴾ وَٱنطَلَقَ ٱلْمَلَأُ
مِنْهُمْ أَنِ ٱمْشُوا۟ وَٱصْبِرُوا۟ عَلَىٰٓ ءَالِهَتِكُمْ ۖ إِنَّ هَٰذَا لَشَىْءٌ يُرَادُ ﴿٦﴾
مَا سَمِعْنَا بِهَٰذَا فِى ٱلْمِلَّةِ ٱلْءَاخِرَةِ إِنْ هَٰذَآ إِلَّا ٱخْتِلَٰقٌ ﴿٧﴾ أَءُنزِلَ
عَلَيْهِ ٱلذِّكْرُ مِنۢ بَيْنِنَا ۖ بَلْ هُمْ فِى شَكٍّ مِّن ذِكْرِى ۖ بَل لَّمَّا يَذُوقُوا۟ عَذَابِ ﴿٨﴾
أَمْ عِندَهُمْ خَزَآئِنُ رَحْمَةِ رَبِّكَ ٱلْعَزِيزِ ٱلْوَهَّابِ ﴿٩﴾ أَمْ لَهُم مُّلْكُ
ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَمَا بَيْنَهُمَا ۖ فَلْيَرْتَقُوا۟ فِى ٱلْأَسْبَٰبِ ﴿١٠﴾ جُندٌ
مَّا هُنَالِكَ مَهْزُومٌ مِّنَ ٱلْأَحْزَابِ ﴿١١﴾ كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ
وَعَادٌ وَفِرْعَوْنُ ذُو ٱلْأَوْتَادِ ﴿١٢﴾ وَثَمُودُ وَقَوْمُ لُوطٍ وَأَصْحَٰبُ
لْـَٔيْكَةِ ۖ أُو۟لَٰٓئِكَ ٱلْأَحْزَابُ ﴿١٣﴾ إِن كُلٌّ إِلَّا كَذَّبَ ٱلرُّسُلَ
فَحَقَّ عِقَابِ ﴿١٤﴾ وَمَا يَنظُرُ هَٰٓؤُلَآءِ إِلَّا صَيْحَةً وَٰحِدَةً مَّا لَهَا
مِن فَوَاقٍ ﴿١٥﴾ وَقَالُوا۟ رَبَّنَا عَجِّل لَّنَا قِطَّنَا قَبْلَ يَوْمِ ٱلْحِسَابِ ﴿١٦﴾

٤٥٣

## 38. Сурату Свад

**I. Свад.** ТIадегIанав Аллагъ жинда лъалев вуго гьеб Свад хIарп хъваялдалъун бугеб мурад. **Жинца вагIза гьабулеб,** жинда жаниб гIелму-хIикмат бугеб, хирияб **Къуръаналдалъун гьедулев вуго БетIергьан Аллагъ (عز وجل):** гьаб Къуръан жиндир калам буго абун ва хирияв МухIаммадги ﷺ жиндир расул вуго абун.

**2. Гьаб амру гьадин бугониги, Аллагъасде ( عز وجل) инкар ккурал Маккаялъул мушрикал иман лъезе чIухIун руго ва аварагасда дагIба-къец гьабун гьесда данде чIун руго.**

**3. Дица цIакъ гIемер гьалаг гьаруна гьединал инкарчагIи гьезда цере рукIарал умматазул ва гьел ахIи бан, кумек тIалаб гьабун зигардулел ва чIвачIвадулел рукIана, гьеб зигараялъ жидее щибго мунпагIат гьабулареб мехалъ.**

**4. Маккаялъул мушириказ гIажаиблъи гьабулеб буго жидедаго гьоркьоса чи МухIаммад ﷺ Аллагъасул расуллъун вукIиналда ва гьесда божичIого абулеб буго гьав вугин жинца сихIру гьаби лъазабурав ва гьереси бицунев чи абун.**

**5.** Гьез абулеб буго: **«Гьав МухIаммадица нижер аллагъзаби цохIо Аллагъллъунищ гьарулел ругел? Валлагъи, гьеб цIакъ гIажаибаб жо буго»** - абун.

**6. Къурайшиязул церехъеби аварагасда аскIоса нахъе ана ва гьез цоцаздаги абулеб букIана: Нужеца сабру гьабе нужерго аллагъзабазе лагълъи гьабиялда. Нуж мутIигIлъуге гьев МухIаммадие, цо Аллагъасе лагълъи гьабе абулеб рагIиялъулъ. Гьаб иш буго МухIаммадица жиндиего кIодолъи ва ханлъи бокьун ургъараб жо»** - абун.

**7. Нижеда гьаб Аллагъ (عز وجل) цо гьави абураб дин рагIинчIо гьаб ахираб диналда жаниб.** Гьеб буго насраниязул дин. Цоги гIалимзабаз абуна ахираб дин абураб рагIиялъул магIна бугин жидер умумуз гьабулеб батараб дин абураб. **Гьаб буго гьев МухIаммадица ﷺ ургъун бахъараб дин абун.**

**8. Гьев МухIаммадида Аллагъас (عز وجل) тIехьищха рещтIинабулеб нижеда гьоркьоса?** Ниж мустахIикъал руго Аллагъас расулаллъун гьаризе ва жиндир калам нижеда рещтIинабизе. **Гьел тIубанго божулел гьечIо дица МухIаммадида рещтIинабураб Къуръан дир хIакъаб калам букIиналда. Гьезда жеги дир гIазаб щун гьечIо.** Гьеб гIазаб жидеда чIамизабун букIарабани гьабизе букIинчIо гьез дир расуласдаги рисалаталдаги инкар.

**9. Гьел къурайшиязул чIухIарал капурзабазда кодобищха бугеб дур БетIергьанасул рахIматалъул хазинабазул ихтияр?** ГьечIо гьезда кодоб щибго жо. **Жиндир гуч бергьарав, жинца бокьарав чиясе ханлъиги, бечелъиги, авараглъиги кьолев цохIо Аллагъ вуго.**

**I0. Яги гьел мушриказейищ бугеб зобал-ракьазулги, гьезда гьркьоб бугеб махлукъаталъулги мулк ва ханлъи? Гьеб ханлъи жидехъ батани, гьел зобалазде рахе I**ва жидеца гьеб махлукъаталъул тадбирги гьабе абе!

**II. Гьел цIакъго дагьал гIадамал руго** аварагасде дандечIей гьабулел ва дагьабго заманаялдаса жал къезаризе ругел **ва мугъ бан лъутизе ругел.**


**I2. Гьал къурайшияздаса цереккунги аварагзаби гьереси гьаруна НухIил къавмалъ, ГIадилазги, пиргIавнил къавмалъги: жинца цIакъ чIахIиял сиял рарав (пирамиды).**

**I3. Самудиязги, ЛутIил къавмалъги, гIурччинаб рохьил бетIергьабилъун ругел ШугIайбил къавмалъги гьереси гьаруна аварагзаби. Гьел киналго рукIана Аллагъасул аварагзабаде данде рахъарал къокъаби.**

**I4. Гьал киналго къокъаби ва умматал жидеца аварагзаби гьереси гьарурал рукIана. Гьезие дир гIазаб гьабиги хIакълъана.**

**I5. Гьаб дида инкар ккураб къавмалъе нахъехун бугеб цоги заман гьечIо, МухIаммад ﷺ, Исрапил малаикас цохIо нухалъ суралъуб пузегIан мех гурони. Гьеб сур пузе мех щведалго гьеб нахъбахъунаро ва гьеб тIад буссинабуларо.**

**I6. Маккаялъул мушриказ абуна: «Я нижер БетIергьан! Нижее гьабизе бугеб гIазаб гьаб дунялалдаго гьабе, хIисаб - мизан гьабулеб къо щведаддего ццебе» - абун.**




Давуд авараг вукIана жиндир черх къуватав, жинца хIалтIи гьабулев. Бащадаб сордоялъ тIаде вахъун Аллагьасе гIибадат гьабулев вукIана. Цо къоялъ кIал ккун, цо къоялъ кIал биччан вукIулевги вукIана. Жинца щукру гьабулев, жиндир сабру кIудиявги вукIана.

**I8. Дица Давуд (гIв) аварагасе мугIрулги квегьана гьевгун цадахъ жидеца радал-бакъанида тасбихI гьабизе.**

**I9. ХIанчIиги квегьана Давуд аварагасе, гьесда аскIоре ракIарун жидеца гьевгун цадахъ тасбихI гьабизе.** Гьел мугIрулги хIанчIиги ва кинабниги махлукъатги тIадегIанав Аллагьасе (عز وجل) тасбихI гьабулеб, гьесие мутIигIлъиялда тIад чIараб буго.

**20. Дица Давуд аварагасул ханлъиги щула гьабуна:** гьесул боял гIемерал рукIана, къуват-гучги букIана, дица гьесие квербакъиги гьабулеб букIана. **Дица гьесие гIелму-лъайги кьуна авараглъи кьейгун цадахъ. ГIадамазда гьоркьоб битIараб хIукму гьабизе гьунар кьуна. ГIадамазда бичIчIулеб пасихIаб, баянаб кIалъайги кьуна.**

**2I. Дуда ргIанищ, МухIаммад ﷺ, цо дагIбадулал къедалда тIасанги рахун Давуд аварагасул масжидалъуре лъугьиналъул хабар?**

**22. Гьел жинда тIаде лъугьараб мехалъ Давуд авараг хIинкъана** цо зарал гьабизе рачIарал гIадамал ратилин абун. **Гьез абуна: «Мун хIинкъуге! Ниж руго кIиго дагIбадулал, цояв цоясе мукIурлъуларел ва цоцазе зулму гьабулел. Дуца нижеда гьоркьоб битIараб хIукму гьабе ва гьеб хIукмуялъулъ зулмуги гьабуге. Дуца ниж тIоритIе битIараб нухда ва хIакъаб хIукмуялда» - абун.**

**23**. гьезул цояс абуна: **Гьав дир гьалмагъасул, яги дир вацасул буго ункъоялда анцIила ичIго гIоркIкIен (лемаг). Дир буго цо гIоркIкIен. Гьас дида абуна гьеб дир лемагги жиндихъе кье абун ва дун гьеб кьезе мукIурги гьавуна - абун.**


**24. Давуд аварагас абуна: «Гьев гьалмагъас дуе зулму гьабун бугоха дур лемаг жиндир лемагазда цадахъ ккезабун. ГIемерисел боцIи-мал цадахъ бугел гIадамалги жидеца цоцазе зулму гьабулел руго, Аллагьасда (عز وجل) иман лъун, аварагасда ﷺ нахърилъулъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадулел муъминзаби хутIинегIан. Гьединал муъминзабиги цIакъго дагьгурони гьечIо» - абун. Гьаб хIукму гьабун хадуб Давудида (гIв) лъана жинца хIукму гьабиялда жаниб мекъаб жо гьабураблъи.** Ва гьеб мекъаб жо гьабиялде жив тIамураблъи жиндир хIалбихьизе рачIарал гIадамазул хабаралъ. Гьеб мекъаб жо буго дов цояв дагIбадуласул хабаралда гIенеккилелде цебе жинца хIукму гьаби.

**Давуд аварагас тавбу гьабун Аллагьасда гьарана жиндир мунагьал рахче абун ва жив Аллагьасе сужда гьабун гIодовеги ккана.** Гьаб бакIалда сужда гьабула. Гьеб суждаялда цIарги буго щукру гьабиялъул сужда абун.

Жинда Аллагь разилъаяв ИбнугIаббасидаса бицараб хIадисалда буго: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас «Сурату Свад» цIаларав мехалъ сужда гьабуна. хадуб жинцаги абуна: «Гьаб сужда жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв Давуд аварагас гьабуна тавбу гьабун. Нилъеца гьаб сужда гьабизе буго Аллагьасе щукру гьабун»* - абун.

**25. Дица Давуд аварагасул гьеб гъалатI тIаса лъугьун тана. ХIакълъунго Давуд аварагасе дида гIагарлъи буго ва берцинаб, тIадегIанаб макъамги буго, ахираталдаги гьесие берцинаб вуссунеб бакI буго.** Гьебги алжан буго.

**26. Я Давуд! Дица мун гьавуна гьаб ракьалда халипалъун.** ГIадамазе маслихIаталъе, гьел хIакъаб диналда тIоритIизе. **Дуца гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабе хIакъаб жоялдалъун. Мун дур гьава-напсалъе бокьараб жоялда нахъвилъалъунге. Гьеб напсалъ мун къосинавула хIакъаб диналдаса ва битIараб хIукмуялдаса. ХIакъаб нухалдаса къосарал гIадамазе ахираталда цIакъ гучаб гIазаб букIине буго, гьезие ахиратги хIисаб-мизанги кIочон букIин сабаблъун.**




**27. Дица гьал зобалги ракьги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъатги бижичIо гIададисеб, батIулаб жо гьабулевлъун дун вукIун. Гьеб гIададаго бижараб бугин ракIалде кколеб буго жидеца инкар ккурал гIадамазда. ЦIакъ квешаб жужахIалъул гIазаб букIине бугоха гьел капурзабазе.**

**28. Дица иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзаби, жидеца ракьалда тIад зулму ва пасалъи гьабулел рукIарал капурзабазда релълъун гьарилищха? Яги дица дидаса хIинкъун гIибадат гьабурал муъминзаби жидеца къабихIал, инжитал гIамалал гьарулел пасикъал гIадамазда релъун гьарилишха?**

**29. Дуде Къуръан рештIинабун буго, МухIаммад ﷺ, жиндилъ баракат бугеблъун. Гьаб Къуръан рещтIинабун буго гIадамаз гьалъул аятазул пикру гьабизе ва гIакълудал бетIергьабаз гьелъул вагIза-насихIат босизе.**

**30. Дица Давуд аварагасе Сулейман абун вас кьуна. ЦIакъ лъикIав лагъ вуго гьев Сулейман (гIв). тавбу гьабун Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун хьвадулевги вуго.**

**3I. Дуца рехсе, МухIаммад ﷺ, гьев Сулейман аварагасда цере бакъанил гIужалъ цIакъ берцинал, лебалал чуял рачIараб гIуж.**

**32. Сулейманица (гIв) абуна: «Дица дунялалъул берцинлъи тIаса бищанаха БетIаргьан Аллагьасе гьабулеб лагъалъиялдаса ва дун гьел чуяз машгъул гьавуна бакъ тIерхьизегIан ва гьеб берда бихьуларе лъугьизегIан» - абун.**

**33. Цингиги Сулейманица абуна: «Нужеца гьел чуял тIад руссинарун дида цере раче!» - абун.** чуял жинда цере рачун рачIиндал **Сулейманица гьезул гарбал ва хIатIал къотIана.**

**34. ХIакълъунго дица Сулейман аварагасулги хIалбихьи гьабуна ва гьесул тахалда тIад жиндилъ рухI гьечIеб къаркъала рехана. Гьеб амруялдаса хадуб Сулейман аварагас тавбу гьабуна ва Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабиялда тIад чIана.**

**35. Сулейман аварагас абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца дир мунагьал чуре. Дуца дие кье кIудияб ханлъи ва гьунар, дидаса хадуб цоги чиясе жиб букIунареб гIадаб. Мун цIакъ цIобал гIатIидав, нигIматал гIемер кьолев вуго» - абун.**

**36. Цинги дица Сулейман аварагасе гьури квегъана. Гьеб гьури хьвадулеб букIана Сулейманил амруялдалъун гьесие бокьараб бакIалде. Жиб тамахго, хIеренгоги букIунаан,** Сулеймание ва гьесул боязе къварилъи кколареб хIалалъ.

**37. Гьединго Дица щайтIабиги квегъана Сулеймание, минаби разе ва ралъдалъан жавгьар-якъут ва луълуал рахъине.**


**38. Гьев Сулеймание мутIигIлъичIел щайтIабиги дица кIи-кIи цадахъ гьарун гудраздалъун ва рахсаздалъун цоцаздаги рухьун туснахъ гьарун чIезаруна.**

**39.** Цинги дица Сулейманида абуна: **«Гьаб буго дир рахъалъан дуе бугеб цIакъ кIудияб ва гIатIидаб ханлъи ва гьунар. Гьал нигIматаздаса дуего бокьаразе кье ва дуего бокьарал кьечIого те. Гьелъул дуе хIисаб-суал букIине гьечIо.**

**40. Гьав Сулейман аварагасеги дида гIагарлъи, къадру кIодолъи буго ва гьесул ахираталдаги цIакъ лъикIаб жив вуссунеб бакI буго:** нигIматазул алжанал руго.

**4I. Дуца дир лагъ Аюб аварагги рехсе, я МухIаммад ﷺ,** дур умматалъе вагIзалъун ва дуе ракI парахалъи, сабру берцинлъи букIизе. **Гьев Аюб аварагас жиндир БетIергьанасда ахIараб гIуж рехсе: «Я дир БетIергьан Аллагь (عز وجل)! ЩайтIаналъ дида къварилъи щвезабун буго,** дир чорхолъ унти ккезабун буго, дир агьлу-хъизаналдаса ва боцIи-малалдаса дун ватIаги гьавун вуго» - абун. Гьев Аюб авараг анцIила микьго соналъ чорхолъ гIузру ккун, захIматго унтун вукIана. Гьеб унтиги цогидаб къварилъиги кинабго Аллагьасул амруялдалъун букIунеб бугониги Аюб аварагас жинда щвараб къварилъи щайтIаналъул рахъалъан бугин абуна TIадегIанав Аллагьасул адаб гьабун.

**42. Дица гьев Аюбида (гIв) абуна: «Дуца дур хIетIе гIодобе кьабе» - абун**. Гьес хIетIе гIодоб тункараб мехалъ гьеб бакIалдаса бацIцIадаб лъималъул ицц баккана. **«Гьаб буго дуе черх чуризе ва дуца жиб гьекъезе бугеб цIорораб ва бацIцIадаб лъим» - абун.**




**43. Дица гьесие кьуна жиндир букIараб гIадаб агьлу-хъизан ва жегиги гьедигIанаб тIадеги кьуна.** Гьесул хун рукIарал лъимал чIаго гьаруна абуна цо гIалимзабаца. Цоги гIалимзабаца абуна гьесие баракат бугеб ва гIемераб хъизан кьуна Аллагьас (عز وجل) абун. **Гьаб сахлъи кьей ва агьлу-хъизанги, гIемераб боцIи-малги кьей, Аюб аварагасе дир рахъалъан рахIматлъун букIана** гьес берцинаб сабру гьабиялде данде, дие гIибадат бацIцIад гьабиялде дандеги. **Гьединго гьеб букIана жидер гIакълу бугел гIадамазе вагIза-насихIатлъунги.** Гьезда лъазе къварилъиялда хадуб гIатIилъи букIулеблъиги, сабру гьабурав чиясе бигьалъи щолеблъиги.

**44. Жегиги дица Аюбида (гIв) абуна: «Дуца муцIидал (камыш) хьопазул жул кодобе босе ва гьеб жулалдалъун дур чIужуялда кьабе. Дуца гьедун букIараб гьа хвезе гьабулевлъун вукIунге мун» - абун. Дида гьев Аюб авараг ватана жинца сабру гьабулевлъун. ЦIакъ лъикIав лагъ вуго гьев Аюб (гIв). Гьев Аллагьасде (عز وجل) тавбу гьабун вуссунев ва гьесие гIибадат гьабиялда тIад чIаравги вуго.**

**45. Дуца Ибрагьим, ИсхIакъ, ЯгIкъуб аварагзабиги рехсе, МухIаммад ﷺ, Аллагьасе гIибадат гьабизе ва жидеда бачIараб къварилъи хIехьезе къуват букIарал ва жидер рекIелъ иманалъул нур ва Аллагь (عز وجل) лъайги букIарал.**

**46. Дица гьал аварагзаби гьаруна цохIо ахираталъул гурони жидеца кIвар гьабуларел, гьелъие жал гIицIцI гьаруралъун.**

**47. Дида аскIор гьел руго халкъалда тIасса рищаралъун ва гьезул бищунго лъикIаллъун.**

**48. Гьединго дуца ИсмагIил, АлясагI, Залкифли рехсе, МухIаммад ﷺ! Гьезул щивав цоявги вуго дие хириял, дица тIаса рищарал.**

**49. Гьел аварагзабазул бицен буго гьезул дунялалда бугеб берцинаб рехсей. Кинавго Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъарав муъминчиясе цIакъ берцинаб вуссунеб бакI буго.**

**50. Даимго жанир чIолел алжанал руго гьел, жидер рагьабиги кидаго рагьун рукIунел.**

**5I. ЦIакъ тамахал, чIухIарал тахазда тIад гIодор чIун, хьибилчIван рукIуна ва жидее къваригIараб пихъги, гьекъелги цогидал нигIматалги гьезухъе росун рачIуна.**

**52. Гьезда аскIор гIодор чIун, жидер бер гьезда гурони балагъуларел гьезул руччабиги рукIуна, жидергун гIел бащадал алжаналъул хIурулгIинзаби руго гьел.**

**53. Гьел муъминзабазда абула: «Гьаб бугоха нужее дунялалъул рукъор ругеб мехалъ къотIи гьабун букIараб жаза:**

**54. Жиндие ахир гьечIеб, паналъи-пасалъи гьечIеб дир ризкъи буго гьаб» - абун.**

**55. Гьаб цебе рехсараб берцинаб руссунеб бакI буго муъминзабазе бугеб жаза. Ва амма жал къосарал, Аллагьасе (عز وجل) гIибадат гьабизе чIухIарал капурзабазе цIакъ квешаб жал руссунеб бакI буго.**

**56. Даимго рукIинелъун жал жанире рехулеб жагьаннама буго гьеб ва цIакъ квешаб рукъги, бусенги, чIолеб бакIги бугоха гьеб жагьаннама.**


**57. 58. Гьаб буго нужер купру-ширкалъе бугеб гIазаб. Гьаб гIазаб чIаме нужеца! ЦIакъ махIцараб жужахIалъул агьлуялъул черхалдаса бецIцIунеб хьверд-рецI буго гьеб ва жиндир бухIи гIорхъолъан араб гьединабго махIцараб, кьогIаб жужахIалъул хIамимги (лъимги) буго. Гьалда релълъарал цогиги гIазабал рукIине руго нужее.**

**59.** ЖужахIалда тIад тарал малаиказ абула: **Гьал руго нужгун цадахъ рукIине ругел бахьикъосал, нужее Аллагьасул нагIана буго, гьесул гурхIел ва кIодо гьари гьечIо» - абун.** Гьал киналго гIасиял къавмал руго жал жужахIалъуре лъугьинарулел. **Щибаб къокъа жужахIалде жанире реханщинахъе гьенир гъоркь рукIараз тIаде рачIаразда абула: «нужее квешлъи буго, нужее кIодолъи гьечIо» - абун.**

**60. Жидер церехъабаздехун хитIаб гьабун жал нахърилъун рукIарал капурзабаз ва муширказ абула: «нуж руго нужее лъикIлъи гьечIел ва нужее Аллагьасул нагIана бугел. Нужеца рачана ниж гьаб жужахIалде ва гьаб гIазаб нижее щвеялде. ЦIакъ квешаб чIолеб бакI буго гьеб нужееги нижееги» - абун.**

**6I. Цинги жал нахърилъулъираз абула: «Я нижер БетIергьан! Гьаб жужахIалде унеб гIамал гьабиялде ниж рачарал гIадамазе дуца кIиго нухалъ цIикIкIараб цIадул гIазаб гьабе» - абун.**

**62. Купру-ширкалъул бутIруз цоцаздехун абула: «Гьаб щиб жо бугеб?, нилъеда жужахIалда жанир рихьулел гьечIо гурищ дунялалда нилъеца квешаллъун рикIкIунел рукIарал, гIадамал.**




**63. нилъеца гьел дунялалда махсароде гьарулелищ рукIарал? Яги гьел гьаб жужахIалда жанир ругониги нилъеда рихьуларогонищ ругел?» - абун.**

**64. БичасхIаги, МухIаммад, гьаб дица дуда бицунеб хабар хIакъаб жо буго ва гьабги жужахIалъул агьлуялъ цоцаде бицунеб хабар буго.**

**65. Дуца гьел муширказда абе, МухIаммад: «Дун вуго нужехъе хIакъаб дин босун витIарав авараг. Аллагьасда иман лъечIев чиясе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев вуго дун. Жиндие лагъалъи гьабизе тIадав ва хIакъав цоги алагьги гьечIо жив цогояв жиндир гуч ва хIалкIолъи бергьарав цохIого Аллагь (عز وجل) гурони.**

**66. Зобалазулги ракьалъулги, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъаталъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь(عز وجل): жиндир гуч бергьарав, жинца мунагьал чурулевги вуго.**

**67-68. Дуца гьел муширказда абе, МухIаммад ﷺ: «гьеб нужехъе бачIараб Къуръан цIакъ кIудияб амру буго, амма нуж гьеб Къуръаналдаса руссун чIун руго.**

**69. Дида щибго лъалеб жо букIинчIо Малаул-агIлаялда (тIадегIанал зобалазда) малаикзабазул Аллагьасдехун (عز وجل) букIараб хабаралъул.**

**70. Дида Аллагьас вахIю гьабураб жо буго дун нужее баянаб хIинкъи кьезе витIарав расул вугоян абун.**

**7I. Дур БетIергьанас малаикзабазда абураб гIуж бице, МухIаммад ﷺ,** дур умматалъе вагIзалъун ва мун Аллагьасул (عز وجل) расул вукIиналъе далиллъун. **«Дица хIарщалдаса цо къаркъала (инсан) бижизехъин буго.**

**72. Дица гьеб къаркъала гьабун тIубараб мехалъ ва гьелда жаниб дир рухIалдаса рухIги пураб мехалъ, нуж киналго гьеб къаркъалаялъе сужда гьабун, гьелда цере чIа!** Гьелъие тахIият гьабун ва гьеб хира гьабун»-абун. Гьаб сужда лагълъи гьабиялъул сужда гьечIо.

**73.** Аллагьас (عز وجل) Адамил (гIв) къаркъала гьабун, гьелда жаниб рухI пураб мехалъ ва гьеб чIагояб инсанлъун лъугьараб мехалъ**, киналго малаикзабаца гьев Адамие сужда гьабуна.**

**74. ЦохIого иблисалъ гьабичIо Адамие сужда. Гьеб иблис чIухIана Адамие сужда гьабизе ва жиб Аллагьасде инкар ккураблъун лъуна.**

**75. ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) иблисалда абуна: «Я иблис! Мун щиб жоялъ нахъчIвараб дица амру гьабураб мехалъ дир квераздалъун вижарав Адамие сужда гьабе абун, гьеб сужда гьабизе? Мун чIухIунищ бугеб Адамие сужда гьабизе? Яги мун гьанжеялдаса цебего гIамал кIудияб, чIухIараблъунищ букIараб?» - абун.(ра)(гIв)**

**76. Иблисалъ абуна: «Дун гьев Адамидаса (гIв) лъикIаб буго.** Дун гьесдаса хирияб буго ва тIадегIанаб буго**. Дуца дун бижана цIаялдаса, гьев Адам вижана хIарщалдаса» - абун.**

**77. Цинги Аллагьас иблисалда абуна: «Мун къватIибе бахъа гьаб алжаналдаса. Мун буго кинабго лъикIлъиялдаса нахъе къотIараб, дуе нагIана бугеб.**

**78. Гьеб дир нагIана дуе буго къиямасеб къо щвезегIан.** Кидаго дуда гурхIел-цIоб букIине гьечIо»**-абун.**

**79. Иблисалъ абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дун хвезабичIого гIаги те къиямасеб къо щвезегIан» - абун.**

**80-8I. Мун хвалдаса нахъе бахъун тараб буго жиб лъалеб гIуж щвезегIан.** Гьеб буго Исрапил малаикас суралъубе пун гIадамал хвезарулеб гIуж. Гьел гIадамалгун цадахъ мунги хвезе буго. Гьел хун хадуб дур хъулухъги тIубан букIинарищха! Гьалдаса хадув щив дуца къосизавилев?

**82-83. Иблисалъ абуна: «Дур кIодолъиялхIаги абун гьедулеб буго дун: дица кинабго Адамил зуррият къосизабила, гьездаса дуе гIибадат бацIцIад гьабулел муъминзаби хутIинегIан»-абун.** Аллагьасул лагIнат батараб иблисалда лъалеб букIана гьес цIунарав чи жиндие къосинавизе кIолареблъи. Жинца цIунарав чи къосизавизе дуда кIолароян Аллагьас гьелда абулеб буго цоги аяталда жанибги.

**84-85. ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Дунги гьедулев вуго хIакъаб жоялдалъун.** ХIакъаб хIукму буго дица абулеб рагIиги: **Дица жагьаннама *(жужахI)* цIезабила мунги дуда нахърилълъарал Адамил зурриятaлъул гIадамалги жанире рехун» - абун.** ГIадамазулги жундузулги гIасияб къавм жаниб букIунеб абадияб гIазабалъул рукъ буго гьеб жагьаннама.

**86. Дуца къавмалда абе, МухIаммад ﷺ! Дица ажру-мухь тIалаб гьабулеб гьечIо** Аллагьасул рисалат нужехъе щвезабиялде данде. **Дун дирго рахъалъан хабар бицунев ва авараглъи гьабулев чи гуро,** Къуръанги дица ургъараб жо гуро.

**87. Гьеб Къуръан буго кинабго халкъалъе бугеб вагIза,** гьел хIакъаб диналде ахIулеб Аллагьасул калам. Гьел алжаналде унеб нухде тIоритIулеб гвангъараб чирахъ.


**88**. Гьаб Къуръаналда инкар ккурал, гьеб гьереси гьабурал гIадамазда **гIемер кватIичIого лъазе буго Къуръан Аллагьасул калам букIин ва гьелъ бицараб жоги хIакъаб букIин.**

Мушриказда гьеб лъазе буго Аллагьас (عز وجل) жиндир расуласе квербакъи гьабун дин загьир гьабураб мехалъ ва жидер гарбал къотIулеб къо тIаде щвараб мехалъ. Киналго капурзабазда ва мунапикъзабазда гьеб Къуръан хIакъаб Аллагьасул калам букIин лъазе буго ахираталда жужахIалъуре лъугьизарураб мехалъ.

Дуца ниж гьаб Къуръаналде иман лъураздаса ва гьелъ алжаналде рачунездаса гьаре БетIергьан Аллагь (عز وجل).

Аллагьасул тавпикъалдалъун сурату Свадалъул тафсир
ва таржама хъван тIубана.

**Сурату Ззумари 39.**


الجزء الثالث والعشرون سورة الزمر
قَالَ فَٱلْحَقُّ وَٱلْحَقَّ أَقُولُ ﴿٨٤﴾ لَأَمْلَأَنَّ جَهَنَّمَ مِنكَ وَمِمَّن تَبِعَكَ مِنْهُمْ
أَجْمَعِينَ ﴿٨٥﴾ قُلْ مَآ أَسْـَٔلُكُمْ عَلَيْهِ مِنْ أَجْرٍ وَمَآ أَنَا۠ مِنَ ٱلْمُتَكَلِّفِينَ
﴿٨٦﴾ إِنْ هُوَ إِلَّا ذِكْرٌ لِّلْعَٰلَمِينَ ﴿٨٧﴾ وَلَتَعْلَمُنَّ نَبَأَهُۥ بَعْدَ حِينٍۭ ﴿٨٨﴾
سورة الزمر
بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ
تَنزِيلُ ٱلْكِتَٰبِ مِنَ ٱللَّهِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْحَكِيمِ ﴿١﴾ إِنَّآ أَنزَلْنَآ إِلَيْكَ
ٱلْكِتَٰبَ بِٱلْحَقِّ فَٱعْبُدِ ٱللَّهَ مُخْلِصًا لَّهُ ٱلدِّينَ ﴿٢﴾ أَلَا
لِلَّهِ ٱلدِّينُ ٱلْخَالِصُ ۚ وَٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِهِۦٓ أَوْلِيَآءَ
مَا نَعْبُدُهُمْ إِلَّا لِيُقَرِّبُونَآ إِلَى ٱللَّهِ زُلْفَىٰٓ إِنَّ ٱللَّهَ يَحْكُمُ
بَيْنَهُمْ فِى مَا هُمْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى مَنْ هُوَ
كَٰذِبٌ كَفَّارٌ ﴿٣﴾ لَّوْ أَرَادَ ٱللَّهُ أَن يَتَّخِذَ وَلَدًا لَّٱصْطَفَىٰ
مِمَّا يَخْلُقُ مَا يَشَآءُ ۚ سُبْحَٰنَهُۥ ۖ هُوَ ٱللَّهُ ٱلْوَٰحِدُ ٱلْقَهَّارُ
﴿٤﴾ خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ بِٱلْحَقِّ ۖ يُكَوِّرُ ٱلَّيْلَ عَلَى
ٱلنَّهَارِ وَيُكَوِّرُ ٱلنَّهَارَ عَلَى ٱلَّيْلِ ۖ وَسَخَّرَ ٱلشَّمْسَ وَٱلْقَمَرَ ۖ
كُلٌّ يَجْرِى لِأَجَلٍ مُّسَمًّى ۗ أَلَا هُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْغَفَّٰرُ ﴿٥﴾
٤٥٨

**I. Гьаб хирияб Къуръан рещтIине гьаби тIадегIанав Аллагьасдаса буго: Жиндие бокьараб жо гьабизе щибго жоялъ нахъ чIваларев, жинца гьабулеб ишги жиндилъ хIикмат-пайда бугеб букIунев.**

**2. Дица дуде гьаб тIехь рещтIине гьабуна, МухIаммад, хIакъаб диналдалъун ва мухIканал аяталгун. Дуца Аллагьасе гIибадат гьабе гьесие дин бацIцIад гьабун куфру-ширкалдаса ва рияалдаса.**

**3. Мун кантIе ва дуда лъай! ЦохIо Аллагьасе буго бацIцIадаб ва хIакъаб дин. Гьев Аллагьги тун цоги алагьзаби жидер вализабилъун ккурал гIадамаз абулеб буго: «Нижеца гьал алагьзабазе лагълъи гьабулеб гьечIо гьез ниж Аллагьасде цIакъ гIагар гьаризе гурони»- абун. Къиямасеб къоялъ Аллагьас хIукму гьабизе буго гьезда гьоркьоб жал хилиплъараб диналъул масъалаялъулъ:** Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабураздаги, жидеца хъанчие лагълъи гьабун Аллагьасдехун ширк гьабуразда гьоркьобги. **Аллагьас хIакъаб диналда тIовитIуларо жинца гьересиги бицунев, Аллагьасда инкарги ккурав чи.**

**4. тIадегIанав Аллагьасе бокьун букIарабани жинца васлъун цо чи кквезе гьес жиндир махлукъалда жаниса жиндиего бокьараб жо тIаса бищилаан гьеб ишалъе. Аллагь вацIцIадав вуго мушриказ гьесде гIунтIизе гьабулеб гьересиялдаса ва гьесие нукъсанлъи бачIунел сипатаздасаги. Гьев Аллагь вуго жив цогояв, жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндир тущбабаздаса ццим босизе, гьезие гIазаб гьабизе кIолев.** Кинабго махлукъ гьесул ханлъиялда ва къудраталда гъоркь буго. Гьадинав гучав ханасе гIахьалчи ва лъимал хIажалъуларо.

**5. Жинца зобалги ракьалги рижарав вуго гьев Аллагь хIакъаб жоялдалъун:** камилаб хIалалъ бижарав, жиндир хIалкIолъиялда далиллъунги бижарав. **Жинца сордо къоялде тIаде бачIине гьабулев ва жинца къо сордоялде тIаде бачIине гьабулевги вуго. Жинца бакъги моцIги квегъарав вуго. Гьеб щибаб цояб жиндир нухалда хьвадулебги буго Аллагьас жиндие къадар гьабураб заман щвезегIан.** Къиямасеб къо щвезегIан. **Мун кантIе, я гьав инсан! Гьев БетIергьан Аллагь вуго жиндир къуват-гуч бергьарав, ва жинца муъминзабазул мунагьал чурулевги.** Нужеца дие гIибадат бацIцIад гьабе ва дидехун щибго жо ширкги гьабуге.

**6. Аллагьас нуж рижана цохIо Адамил напсалдаса.. Цинги гьев Адамил квегIаб рахъалъан хьабалухъан гIучIги бахъун гьелдаса Адамие чIужулъун ХIаваги йижана.** Гьел цоцазде ракIгъун рукIине ва Адамил наслу-зурриятги бижизе. **Гьединго нужее гьаруна микьго хIайваналги:** варанаби, гIачи, гIиял, цIани гьаруна. Гьел ункъалго бихьинал ва цIуял гьаруна. **Аллагьас нужги рижула нужер эбелалъул рахIмоялда жанир батIи-батIияб рижиялъ. Гьеб инсан вижи лъабго батIияб бецIлъиялда жаниб букIуна**. ТIончIорукъалъул бецIлъи, рахIмоялъул бецIлъи ва чехьалъул бецIлъиги. **Гьав Аллагь вуго нижер БетIергьан: Жив гурев цоги Аллагь гьечIев вуго.** Жиндие гурони лагълъи гьабизе бегьуларев вуго. **Гьев Аллагьги тун, гьесие гIибадат гьабиги тун нуж кире руссунел ругел?**


**7. Нужеца гьев Аллагьасда инкар ккуниги гьесие щибго зарал ва къварилъи букIунаро**. ХIакълъунго Аллагь нужер гIибадаталда хIажатав гьечIо. **Амма Аллагьасе бокьуларо жиндир лагъзал куфру-ширкалда рукIине.** Гьезие лъикIлъи гьабулев вуго Аллагь. **Нужеца Аллагьасе щукру гьабуни гьеб Аллагьасе цIакъ бокьула** ва гьеб щукру гьабулел лагъзадерида разилъула.

**Ахираталда цониги напсалъ цоги напсалъул мунагь-хIакъ баччунаро.** Щибаб напс жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ жиндие гьабулеб буго. **Нуж киналго БетIергьанасде руссине ругел руго,**

**цинги нужеда бицине буго нужеца дунялалда гьабураб кинабго гIамал. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда нужер ракIазда жаниб бугеб жоги лъалев.**

**8. Капурав инсанасда цо къварилъи хъатIараб мехалда гьес жиндир БетIергьанасда ахIи балеб буго гьев Аллагьасе мутIигIлъун, гьесие хIелун. Жинца жидее лагъэлъи гьабулел аллагьзабиги гьесда кIочонел руго. Цинги Аллагьас жиндие нигIматал кьураб мехалъ, доб къварилъиги тIаса араб мехалъ, гьесда кIочонеб буго жив дагьав цеве Аллагьасде ахIи балев вукIараблъи. Жинца Аллагьасе гIадин жидее гIибадат гьабизе хъанчалги кколел руго: гьелдалъун жинца Аллагьасул диналдаса гIадамал нахъе чIвазе къасд гьабулеб буго. Дуца гьел муширказда абе, МухIаммад: «дуца дагьаб мехалъ дурго куфруялда чIун дунялалъул лазат-кеп босе. Ахираталда мун вуго жужахIалъул бетIергьабаздаса вукIине вугев» абун.**

**9. Жив Аллагьасе цIакъ мутIигIав, сардилъ тIаде вахъун Аллагьасе рукугI-сужда гьабун, Къуръан цIализе вахъун чIун жинца гIибадат гьабулев, жив ахираталъул гIазабалдасаги хIинкъулев, жиндир Аллагьасул рахIматалде хьулги лъолев – гьав муъминчи вукIинищха капурчиясда релъэлъун ва гьесул даражаялда? ВукIунаро. Дуца абе, МухIаммад: жинда гIелму лъалев гIалимчиги, жинда щибго жо лъаларев жагьилчиги цоцада ващад вугищ? – абун.** Гьав кIиявго ващад гьечIо. Гьединго Аллагьасе мутIигIавги Аллагьасде гIасияв чиги ващад гьечIо. **Гьаб Къуръаналъул вагIза босула жидер гIакълу-лъай бугел муъминзабаца.**




**I0. Дуца абе, МухIаммад, жидеца иман лъурал дир лагъзадерида; нужеца Аллагьасул гIазабалдаса цIуни тIалаб гьабе»-абун.** Аллагьас жиб хIарам гьабураб жоялдаса рикIкIалъун, Аллагьас амру гьабураб жоги гьабун. **Гьаб дунялалда лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе ахираталда цIакъ кIудияб ажру ва лъикIлъи буго. Аллагьасул ракьги цIакъ кIудияб ва гIатIидаб буго. Нуж а нужее Аллагьасул дин загьир гьабизе ва гьесие гIабидат бацIцIад гьабизе рес бугеб бакIалде. Аллагьасул амру-нагью тIубаялда тIад чIун гьеб сабаблъун щвараб захIмалъиялда сабру гьабурал:** Аллагьасул диналда халкъ ахIулаго щвараб къварилъиялда сабру гьабурал Аллагьасул диналъе гIоло тущманасде данде рагъулаго сабру гьабурал гьал **гIадамазе ажру-кири кьола хIисаб-мизан гьечIого гIемераб.**

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бугин абуна жинда Аллагь разилъаяв ЖагIпар бину АбутIалибги гьесда цадахъ рукIарал асхIабзабиги ХIабаш улкаялде (Йемен) гьижра гьабун ине къасд гьабун къватIире рахъин. Гьезул гьижраялде ракI гьесизе гьабун, гьезда щолеб гIакъуба- захIматалда сабру гьабиялъул ажру бицун ва ахираталда гьезие бугеб цIакъ кIудияб ажруги бицун.


**II. Дуца абе, МухIаммад: «Аллагьас дида амру гьабун буго дица цохIо Аллагьасе лагъэлъи гьабе абун ва гьеб лагъэлъиги куфру-ширкалдаса бацIцIад гьабе»-абун.**

**I2. Гьединго дида амру гьабун буго гьаб умматалъул гIадамаздаса жидеца исламияб дин къабул гьабурал гIадамазул авалавлъун вукIа дун абун.**

**I3. Цогиги дуца абе, МухIаммад: «дун Аллагьасда гIасилъизе хIинкъула Къиямасеб къоялъ гьесул гIазаб диде щвеялдаса хIинкъулев вукIиналъ»-абун.** Хирияв авараг жинда Аллагьасул гIазаб щвеялдаса хIинкъараб мехалъ цогидал гIадамал цIакъго хIинкъизе мустахIикъал руго гьеб гIазаб жидеда щвеялдаса.

**I4. Дуца абе, МухIаммад: «дица лагъэлъи гьабулеб буго дир БетIергьан Аллагьасе, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун, гьев цо гьавун»-абун.**

**I5. Нужеца нужеего бокьараб жоялъе гьабе лагъалъи гьев Аллагьасеги гьабичIого!** Нужеда нахъа бихьизе буго кинаб гIазабдай нужеда чIамизе гьабулеб абун. **Дуца гьезда абе МухIаммад: унгого ва тIубанго гIадада хварал ва чIорого хутIарал гIадамал руго жалги, жидер агьлу-хъизанги къиямасеб къоялъ чIорого хутIулел гIадамал, гьеле гьеб буго жиб баянаб ва хIакъикъияб чIорого хутIи!**




Гьаб дунялалъул рукъоб боцIи-мал гьечIолъи, гьудул-гьалмагъ гьечIолъи, агьлу-хъизан гьечIолъи букIунаро чIорого хутIи ва гIадада хвей. Ахираталда алжаналда жаниве лъугьине гьавурав муъминчиясе агьлу-хъизанги букIуна, алжаналъул нигIматалги рукIуна, гьудул-гьалмагъзабиги рукIуна. Ахираталда жужахIалъуве ккарав чи живго цохIо вукIуна. Гьесул агьлу-хъизанлъун щайтIабиги хъанчалги рукIуна, гьесул боцIи-маллъун борхьал гIакъраби рукIуна, гьесие рекIелгъейлъун жужахIалъул цIадул хIамил гьагIи гIадаб гIергIеди букIуна. Аллагьас нилъ цIунаги гьеб жужахI тIад гьабулеб гIамал гьабиялдаса.

**I6. Гьезие жужахIалда жаниб жидеда тIадги гъоркьи цIадул ргIад буго**. ЖужахIалъул цIа гьесда кинабго рахъалъан сверун лъугьун букIуна. **Гьаб цIаялдалъун Аллагьас хIинкъи кьолеб буго жиндир лагъзадерие ва гьел нахъе чIвалел руго Аллагьасда гIасилъиялдаса. Я дир лагъзал! Нуж дир гIазабалдаса хIинкъа! Гьеб гIазаб нуже гьабулеб гIамал гьабуге.**

**I7-I8. ЩайтIаналъул макруялдаса рикIкIалъун, гьелъие лагъалъи гьабиялдаса цIунарал, Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIадги чIарал муъминзабазе Аллагьасул рахъалъан рохел буго. Дуца рохел бице, МухIаммад, жал Къуръаналда гIенеккулел дир лагъзадерида: жидеца хIакъаб ва лъикIаб ргIи босун гьелда нахъги рилълъунел. Гьел руго Аллагьас битIараб нухалда тIоритIарал гIадамал. Гьел руго жидер гIакълу бугел, жидеца гьабизе кколеб жо жидеда лъалел гIадамал.** Муъминзабазда тIадаб буго жидеца хIакъаб жо тIалаб гьабизе ва гьелда нахърилълъине.

Жинда бицунеб ргIанщинаб жоги къабул гьабизе бегьуларо. Жидер мазгьабалъул, жидер гIелмуялъул устарасул рахъ ккун, цогидал гIодорегIан гьарун кIалъазеги бегьуларо. Жидее хIакъаб жо загьирлъараб мехалъ гьеб хIакъаб жо кколел ва гьелда гIамал гьабулел муъминзаби руго Аллагьас жидее рецц гьабурал, ва жиндир аварагасдаги лъазе гьабурал дуца гьезда роххел бице абун.


**I9. Жиндие жужахIалъул гIазаб букIин хIакълъарав чи тIовитIизе кIолищха дуда МухIаммад? КIоларо. ЖужахIалда жанив вугев чи гьениса хвасар гьавизеги кIолищха дуда? КIоларо.**

**20. Дунялалъул рукъор Аллагьасдаса хIинкъун хьвадарал муъминзабазе алжаналда жанир рорхатал кIалгIаби руго: жидер рукъзал ва ргъаби цоязде тIаде цоял ругел, жавгьар-якъуталъ жал рарал, жидеда гъоркьан гIоралги чвахулел. Гьаб буго Аллагьасул къотIи. ТIадегIанав Аллагь жинца гьабураб къотIиялъе хилиплъуларев руго.**

**2I. Дуда бихьуларищ, я гьав инсан, тIадегIанав Аллагь вукIин жинца зодиса цIад рещтIине гьабулев ва жинца гьеб цIад ракьалда жаниб иццаллъун, иххаллъун лъугьине гьабулев. Цинги гьеб цIадал лъималдалъун жинца батIи-батIияб хур-херги бижизе гьабулев. Цинги гьеб хур-хер бакъван, тIогьиллъун лъугьуна, гьелдаса хадубги бакъван, хъурун гIодобе гьурщун уна. Гьаб рехсараб жоялъулъги жидее гIакълу бугел гIадамазе вагIза буго,** тIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялда жинца тIоритIел гьабулеб кIудияб гIаламатги буго.

**22. Аллагьас жиндир керен-ракI исламияб диналъе ргьарав, жив Аллагьасул нуралъул канлъиялъулъги вугев чи ващадав вукIунищ, релълъунги вукIунищ куфру-ширкалда вугев чиясда? ВукIунаро. Аллагьасул гIазаб буго жидер ракIал Аллагь рехсеялдаса къосарал, Аллагь**

**рехсараб ва гьесул Къуръан цIалараб мехалъ жидее гьелъ асар гьабуларел гIадамазе. Гьел руго жал хIакъаб къосиналъулъ ругел гIадамал.**


الجزء الثالث والعشرون سورة الزمر

أَفَمَن شَرَحَ ٱللَّهُ صَدۡرَهُۥ لِلۡإِسۡلَٰمِ فَهُوَ عَلَىٰ نُورٖ مِّن رَّبِّهِۦۚ فَوَيۡلٞ
لِّلۡقَٰسِيَةِ قُلُوبُهُم مِّن ذِكۡرِ ٱللَّهِۚ أُوْلَٰٓئِكَ فِي ضَلَٰلٖ مُّبِينٖ ٢٢
ٱللَّهُ نَزَّلَ أَحۡسَنَ ٱلۡحَدِيثِ كِتَٰبٗا مُّتَشَٰبِهٗا مَّثَانِيَ تَقۡشَعِرُّ مِنۡهُ
جُلُودُ ٱلَّذِينَ يَخۡشَوۡنَ رَبَّهُمۡ ثُمَّ تَلِينُ جُلُودُهُمۡ وَقُلُوبُهُمۡ
إِلَىٰ ذِكۡرِ ٱللَّهِۚ ذَٰلِكَ هُدَى ٱللَّهِ يَهۡدِي بِهِۦ مَن يَشَآءُۚ وَمَن
يُضۡلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِنۡ هَادٍ ٢٣ أَفَمَن يَتَّقِي بِوَجۡهِهِۦ سُوٓءَ
ٱلۡعَذَابِ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِۚ وَقِيلَ لِلظَّٰلِمِينَ ذُوقُواْ مَا كُنتُمۡ تَكۡسِبُونَ
٢٤ كَذَّبَ ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِمۡ فَأَتَىٰهُمُ ٱلۡعَذَابُ مِنۡ حَيۡثُ
لَا يَشۡعُرُونَ ٢٥ فَأَذَاقَهُمُ ٱللَّهُ ٱلۡخِزۡيَ فِي ٱلۡحَيَوٰةِ ٱلدُّنۡيَاۖ وَلَعَذَابُ
ٱلۡأٓخِرَةِ أَكۡبَرُۚ لَوۡ كَانُواْ يَعۡلَمُونَ ٢٦ وَلَقَدۡ ضَرَبۡنَا لِلنَّاسِ فِي
هَٰذَا ٱلۡقُرۡءَانِ مِن كُلِّ مَثَلٖ لَّعَلَّهُمۡ يَتَذَكَّرُونَ ٢٧ قُرۡءَانًا عَرَبِيًّا
غَيۡرَ ذِي عِوَجٖ لَّعَلَّهُمۡ يَتَّقُونَ ٢٨ ضَرَبَ ٱللَّهُ مَثَلٗا رَّجُلٗا فِيهِ
شُرَكَآءُ مُتَشَٰكِسُونَ وَرَجُلٗا سَلَمٗا لِّرَجُلٍ هَلۡ يَسۡتَوِيَانِ مَثَلًاۚ
ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِۚ بَلۡ أَكۡثَرُهُمۡ لَا يَعۡلَمُونَ ٢٩ إِنَّكَ مَيِّتٞ وَإِنَّهُم
مَّيِّتُونَ ٣٠ ثُمَّ إِنَّكُمۡ يَوۡمَ ٱلۡقِيَٰمَةِ عِندَ رَبِّكُمۡ تَخۡتَصِمُونَ ٣١

٤٦١

**23.ТIадегIанав Аллагьас рещтIине гьабуна бищунго берцинаб калам. Жиндир аятал ва ахIкамал цоцада релъљараб Къуръан буго гьеб. Аллагьасул гIазабалдаса жал хIинкъулел муъминзабазул тIом букIкIине гьабула гьеб Къуръан цIалараб мехалъ.** Аллагьасда гIасилъарал гIадамазе гьабулеб гIазабалдаса хIинкъун. **Цинги Аллагьасул гурхIел-рахIмуялъул бицунел аятал цIалараб мехалъ гьезул ракIал гIодоре риччала ва Аллагь рехсеялде жалги машгъуллъула. Гьеб Къуръан буго Аллагьасул рахъалъан бугеб хIакъаб диналде тIоритIи. Аллагьас жиндие бокьарав чи гьеб Къуръаналдалъун тIовитIула. Аллагьас къосиналда тарав чи жинца битIараб нухалда тIовитIизе кIолев щивго чи вукIунаро.**

**24. Жинца Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун жиндир гьумер цIунарав чи релъљун вукIунищ Къиямасеб къоялъ, жив щибго хIинкъиго гьечIого вугев чиясда?** ВукIунаро гьев кIиявго чи цацазда релъљун.

«Жиндир гьумер цIунарав чи» абураб ргIиялъул магIна буго жив жужахIалде аскIове гIагар гьавураб мехалъ жинца гьеб гIазабалдаса хIинкъун гьумер бахчулев абураб. Гьаб сипат буго купру-ширкалда рукIун хварал гIадамазе гьабураб сипат.

**Куфру-ширкалдалъун жидеца зулму гьабун хьвадарал гIадамазда гьеб къоялъ абула: «Нужеца дунялалда гьабураб гIамалалъул жазаъ чIаме жакъа нужеца» - абун.**

**25. Гьал Маккаялъул мушриказда цере рукIарал къавмазги жидехъе вачIарав авараг гьереси гьавуна ва гьезухъе Аллагьасул гIазабги бачIана жидеда ракIалдаго гьечIеб рахъалдаса.**

**26. ТIадегIанав Аллагьас гьезда дунялалъул рукъоб цIакъ гIодорегIан гьари, хIакъир гьари чIамизе гьабуна. Ва амма ахираталъул гIазаб гьаб дунялалда жидее гьабураб гIазабалдаса цIакъго цIикIкIараб буго. Гьаб амру жидеда лъалеб ани гьез авараг гьереси гьавизе вукIинчIо.**

**27. Дица гьаб Къуръаналда жанир батIи-батIиял мисалал рачана гIадамаз гьездаса вагIза босизе ва гьелъул пикру гьабизе.**


**28. Жиндилъ щибго батIулаб жо гьечIеб гIараб мацIалда бугеб Къуръан буго гьаб,** жиб цIакъ пасихIаб, жиндир тIоритIел баянаб**. Гьаб Къуръан рещтIине гьабун буго гьел гIарабиял ва цогидал умматалги Аллагьасдаса хIинкъизе ва гьез Аллагьасда гIасилъи тезе.**

**29. ТIадегIанав Аллагьас мушриказеги Аллагь цо гьавурал муъминзабазеги мисал бачунеб буго жиндир цо сайид вугев лагъасул ва жал цоцалъ къацандулел гIемерал сайидзаби ругев лагъасулги. Гьев кIиявго чи ващад вукIунищха жидер яшав гьабиялъулъ?** РукIунаро гьел ращад. Жиндир цо сайид вугев лагъ лъикI вукIуна жиндир гIемерал сайидзаби ругев лагъасдаса. **Кинабго рецц ТIадегIанав Аллагьасе буго** жив цогояв, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав, кинабго амру жинда кодоб бугев, дунял-ахираталъул ханлъунги жив вугев. **Гьел инкарчагIазул гIемерисел жидеда хIакъаб жо лъаларел руго, гьедин букIиналъ жидеца хъанчие лагълъи гьабулелги руго.**

**30. Мун хвезе вугев вуго МухIаммад, гьел мушрикалги жал хвезе ругел руго.** Гьаб дунялалда даимго чIаго хутIулев щивго чи гьечIо.

**3I. Цинги Къиямасеб къоялъ нуж киналго нужер БетIергьан Аллагьасда цере хIисаб-мизан гьабизе эхетун чIезе руго. Гьениб нужеца цоцаде дагIба-къецги гьабила нужеда гьоркьор ругел хIукъукъал рицун,** диналъул букIа дунялалъул букIа гьеб дагIба. Цинги нужее хIукмуги гьабизе буго жиндир хIукму гIадилав хIакимас.

**32. Жинца Аллагъ гьереси гьавурав ва Аллагьасул калам Къуръан гьереси гьабурав чиясдаса зулму цIикIкIарав чи щивха вукIинев?** Жинца Аллагьасе гIахьалчи вуго абулев, гьесул лъимал ругол абулев. Жиндихъе Къуръан бачIараб мехалъ гьеб шигIру буго, сихIру буго абулев. **Жидеца Аллагьасда инкар ккурал гIадамал жанире руссунеб бакI жагьанамма гьечIищха?** Буго.




**33. Ва амма хIакъаб диналдалъун жал рачIарал аварагзаби ва жидеца гьел ритIухъ гьарурал муъминзабиги руго Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъулел, гьесие гIибадат бацIцIад гьабулел гIадамал.**

**34. Къиямасеб къоялъ жидер БетIергьанасда аскIоб гьезие буго жидее бокьанщинаб жо. Гьеб буго жидеца Аллагьасда иман лъун, аварагзабазда нахърилъулъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамазе бугеб жазаъ.**

**35. ТIадегIанав Аллагьас гьал муъминзабазул жидеца цереккун гьарурал мунагьал ва гьезул куфру-ширк тIаса лъугьун тола ва гьезие жидеца гьабураб лъикIаб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб ва тIокIаб жазаъ гьабула.**

**36. ТIадегIанав Аллагъ гьечIищха жиндир лагъасе ва расул МухIаммадие жинца гIейи гьабулевлъун.** Ва гьесдехун тущманлъи гьабулел гIадамаздаса жинца гьев цIунулевлъун. Гьел къурайшаца абулеб букIана: «Нижер аллагъзаби дуда хьандезе руго, яги гьез мун унтизе гьавун гIадаллъизе гьавизе вуго» - абун. Гьезул ргIи ахIмакъаб ва батIулаб букIин лъазе гьабун Аллагьас абулеб буго: **«Гьез дуе хIинкъи кьолеб буго, МухIаммад, Аллагьас рижарал, гьесул ихтияралда гъоркь ругел хъанчаздалъун. Аллагьас жив къосаравлъун тарав чи жинца тIовитIулев щивго чи вукIунароха.**

**37. Аллагьас жив хIакъаб диналда тIовитIарав чи жинда къосине гьавизе кIолев чиги вукIунаро. ТIадегIанав Аллагъ гьечIищха жиндир гуч бергьарав, жиндир тущбабаздаса цIим босизе кIолев, гьезие гIазаб гьабизе кIолев хан? Вуго.**

**38. Дуца гьел мушриказда гьикъани, МухIаммад, гьал зобалги ракьги жинца бижарав щив вугев абун, гьез дуда абизе буго Аллагъ вуго абун.** Цоги батIияб жаваб кьезе гьезда кIоларо. Кинабго халкъ мукIураб буго гьаб махлукъ жинца бижарав, гьалъул тадбир гьабулев цо хан вукIиналда. ГIадамал жиндилъ хилиплъараб жо буго гьаб кинабго махлукъ бижарав Халикъас гIадамал хун хадур тIаде рахъине гьаризе рукIиналда. Гьеб ахираталъул амруялда инкар кквеялъ гьел инкарчагIи тIамулел руго Аллагьасдаги гьесул расулаздаги инкар кквеялде. Гьез бицунеб ргIиялъул магIна буго гьаб махлукъ бижарав Халикъ вуго, амма гьев гьечIо кинабго халкъалъ жиндие лагълъи гьабизе тIадав, жив къиямасеб къоялъул БетIергьанлъун вугев, жив цогояв Аллагъ абун.

**Дуца гьезда абе, МухIаммад, нужеца пикру гьабеха ва дида бице тIадегIанав Аллагьасе бокьани дие цо зарал гьабизе, гьел нужер аллагъзаби ругищха жидеда кIолел гьеб зарал дидаса нахъе босизе? Яги гьев Аллагьасе бокьани дие цо лъикIлъи гьабизе, гьел аллагъзабазда кIолищха гьеб рахIмат дидасан кквезе?** Дие гьеб рахIмат гьукъизе? КIоларо гьел хъанчазда щибго жо гьабизе.


**Дуца абе, МухIаммад, дие гIейи гьабула дир БетIергьан Аллагьас. Гьев Аллагьасда тавакал тIамула киналго жидеца иман лъурал муъминзабаца.**

**39. Дуца абе, МухIаммад! Я дир къавм! Нужеца нужерго гIамал гьабе куфру-ширкалъул, макру-хIиллаялъул нухалдаги чIун. Дунги дир гIамал гьабулев вукIине вуго: дида тIад къараб хIалалъ Аллагьасул диналде халкъ ахIулев вукIине вуго дун. Нужеда нахъа лъазе буго**

**40. Лъие букIине бугеб жал гIодорегIан гьарулеб гIазаб дунялалъул рокъоб ва лъида рещтIине бугеб жидеда тIад даимго чIараб ахираталъул гIазаб.**

==========

ГIабдуллагь бину ГIамру бину ГIасидаса хIадис бицана: ***Хирияв аварагас ﷺ абуна: «Бусурманчи вуго жиндир квералдасаги ва жиндир мацIалдасаги бусурбаби сахлъарав чи. Мугьажир вуго Аллагьас (عز وجل) теян абураб жо жинца тарав чи» - абун.*** ХIадис Бухарияс ва Муслимица (ра) бицана.




**4I. Дица дуда рещтIинабуна, МухIаммад, гьаб хирияб Къуръан, гIадамазе хIакъаб динлъун.** Дуца гIадамал Аллагьасул диналде ахIизе. **Жив тIовитIун ккарав, жиндие Къуръаналъ пайда гьабурав чи жиндирго напсалъе пайда гьабурав чи вуго. Жив битIараб нухалдаса къосарав чи жиндирго напсалъе зарал гьабулев чи вуго. Мун гьечIо, МухIаммад, гьезда тIаде тIамурав гьел иман лъеялде хIал гьабун рачине.** Ва дуда гьикъизе гьечIо гьез гьабураб гIамалалдасан.

**42. ТIадегIанав Аллагьас хвезе гьарула гIадамал жидер рухIалги росун. Жал кьижун ругеб мехалъ хвечIого ругел гIадамалги Аллагьас жидер гIажал щвараб мехалъ хвезе гьарула. Кьижун ругел гIадамазул жидее бокьарав чи Аллагьас рухI босун хвезе гьавула гьесул гIажал тIаде щун бугони. Цогидал макьидасан рорчIун ракьалда тIад хьвадула жидее цIараб мех тIубазегIан. Гьаб рехсараб жоялъулъги цIакъ кIудиял гIаламатал руго Аллагьасул хIалкIвеялда жидеца тIоритIел гьабулел, жидеца пикру гьабулел ва жидер гIакълу бугел гIадамазе.**

**43.** Ва амма Аллагьасда инкар ккурал гIадамаз гьал гIаламатазул пикру гьабулеб гьечIо, гьездаса вагIзаги босулеб гьечIо.Гьез Аллагьасе бацIцIадаб гIибадат гьабиги тун **жидеца шапагIат гьабулел жал руго абун цIарги лъун хъанчал ва цогидал жал аллагьзабилъун ккуна. Дуца гьезда абе, МухIаммад: Гьал аллагьзабазе лагълъийищха нужеца гьабулеб, гьезул щибго гIакълуги гьечIеб мехалъ ва щибго жоялда ханлъи ва ихтиярги гьечIеб мехалъ?»-абун.**

**44. Дуца абе, МухIаммад: «ТIадегIанав Аллагьасе буго кинабго шапагIат гьаби. Гьесие буго зобалазулги ракьалъулги ханлъиги. Ахираталда нуж киналго гьев Аллагьасде руссине гьаризе руго нужер хIисаб-мизан гьабизе ва нужее жазаъ гьабизе»-абун.**


**45. Гьел мушрикал ругеб бакIалда жив цогояв Аллагьасул цIар рехсараб мехалъ «Лаилагьа иллаллагь» - абун гьел ахираталда иман лъечIел, Аллагь цо гьавуларел гIадамазул ракIал рукIкIун (данде къан), хIинкъун лъугьунел руго. Аллагьги тун хъанчазул ва цоги аллагьзабазул цIарал рехсараб мехалъ ва гьезул биценги гьабураб мехалъ гьел цIакъ рохулел руго.** Гьаб гьечIищха цIакъ жагьилаб ва ахIмакъаб гIамал?

**46. Дуца абе, МухIаммад: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца зобал-ракьал рижарав, дуда загьирабги, балъгоябги, рикIкIадабги жо лъалев! Мун вуго ХIаким дур лагъзал жиндилъ хилиплъун ругеб диналъул масъалаялъулъ. Дуца хIукму гьабе Аллагь гьал мушриказдаги дидаги гьоркьоб»** - абун. Дуца кинабго амру дида тIамун те. Дун вуго хIакъикъияв ва ахирияв хIаким.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса рицарал хIадисал руго радал тIаде рахъараб мехалъги, къаси босаде регулеб мехалъги гьаб аят цIалун хадуб дугIа гьабизе лъикIаб букIиналда тIоритIел гьабулел. Жинда Аллагь разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: «*Жинда Аллагь разилъаяв ГIабдуллагь бину ГIумарица нижеда цо кагъат бихьизе гьабуна ва жинца абуна: Аллагьасул свалат слам лъеяв аврагас нижеда гьаб дугIа гьабизе лъазе гьабулеб букIана: Я дир Аллагь, я Дуца зобал-ракьал рижарав! Я Дуда загьирабги балъгоябги жо лъалев. Мун вуго кинабго жоялъул Аллагь ва кинабго жоялъул БетIергьан; Дица нугIлъи гьабулеб буго мун гурев цоги Аллагь гьечIо абун. Мун цогояв вуго ва дуе щивго гIахьалчиги гьечIо. Гьединго дица нугIлъи гьабула хирияв МухIаммад дур лагъ вуго*

*абун, ва дур расулги вуго абун. Гьеб нугIлъи гьабулеб буго киналго малаикзабацаги. Дица дудалъун цIуни гьарулеб буго шайтIаналъул заралалдаса ва гьелъ гьабулеб ширкалдасаги. Дица дудалъун цIуни гьарулеб буго дица дирго напсалъе зарал бугеб мунагь гьабиялдаса, яги цониги бусурманчиясе дица зарал гьабиялдаса»*-абун.

**47. Жидеца Аллагьасде инкар ккун жидерго напсазе зулму гьабурал гIадамазе ахираталда гьаб дунялалда бугебщинаб бечелъи ва хазина кьунги, цогиги гьедигIанаб бечелъи тIадеги кьуниги гьез гьеб кинабго жо кьезе букIана къиямасеб къоялъул квешаб гIазабалдаса жал хвасар гьаризе. Гьел залимзабазда къиямасеб къоялъ бихьула ва гьезие загьирлъула жидеда гьеб букIинин абун ракIалде кколеб букIинчIеб гIазаб.**




**48. Жидеца дунялалда гьабураб квешаб гIамалалъул жазаъ гьезда бихьула ва жал божуларого рукIараб, жидеца махсароде гьабулеб букIараб ахираталъул гIазабги гьезие хIакълъула. М**ушриказ авараг махсароде гьавун: абулеб букIана Гьаб дуца къотIи гьабулеб гIазаб нижее гьанжего (дунялалдаго) гьабе!» - абун.

**49. Гьев капурав инсанасда цо къварилъи хъатIараб мехалъ гьес дида ахIи балеб буго. Цинги дица гьеб къварилъи тIаса босун гьесие нигIмат кьураб мехалъ жинца абулеб буго: «Гьаб буго Аллагьас дие кьураб дида хIалтIи гьабизе ва хайир гьабизе лъалеб букIиналъ» - абун. Гьеб къварилъи тIаде биччайги, хадуб нигIматал кьейги буго дица гьев инсанасул хIалбихьи гьаби.** Балагьазда сабру гьабуладай абун, нигIматазда щукруги гьабуладай абун. **Киннигги гIемерисел гIадамал жидеда гьаб амру лъаларел руго.**

**50. Гьединаб чIухIараб хабар бицун букIана цересел умматазул капурзабацаги. Амма дица гьезие гIазаб гьабизе хIукму гьабураб мехалъ жидее щибго кумек гьабичIо жидеца дунялалда гьабураб гIамалалъ ва жидер бечелъиялъ.**

**5I. Гьезие жидеца гьабураб квешаб гIамалалъул гIазаб ва къварилъи щвана. Гьаб умматалдаса жидеца зулму гьабулел гIадамаздаги щвезе буго жидер гIамалалда рекъараб гIазаб. Гьел гьечIо жидеца Аллагь гIажиз гьавулеллъун ва гьесул гIазабалдасан жал рорчIулеллъун.**

**52. Гьал мушриказда щай лъаларе тIадегIанав Аллагь вукIин жиндие бокьарав чиясе жинца ризкъи гIатIид гьабулев ва жиндие бокьарасе ризкъи дагь кьолевги. ХIакълъунго гьаб цебехун бицараб жоялъулъги руго жидеца иман лъурал гIадамазе Аллагьасул хIалкIолъиялде жидеца тIоритIел гьабулел аятал ва гIаламатал.** Гьезул иман жегиги цIикIкIине ва гьез цогидал гIадамаздехун дагIватги гьабизе.

**53. Дуца абе, МухIаммад! Я гьал жидеца напсазе зулму гьабурал, гьел мунагьазулъе ккезе гьарурал Аллагьасул лагъзал! Нужер хьул къотIуге Аллагьасул рахIматалдаса. ХIакълъунго Аллагьас киналго мунагьал чурула тавбу гьабун жив Аллагьасде вуссарав чиясул. Гьев Аллагь вуго жинца мунагьал чурулев ва жив муъминзабазда гурхIулев.**


**54. Нуж русса нужер БетIергьан Аллагьасде гьесие мутIигIлъун ва гьесие тIагIат-гIибадат гьабун. Нуж тIубанго гьев Аллагьасул амруялда нахърилъла нужеда ццим бахъун Аллагьасул гIазаб нужее хIакълъилелде цере. Гьеб гIазаб нужеде тIаде бачIараб мехалъ нужее щивго чияс квербакъи гьабуларо ва нужедаса гIазаб нахъеги чIваларо.**

**55. Нуж нахърилъла нужер БетIергьанас рещтIине гьабураб бищунго лъикIаб каламалда – Къуръаналда.** Гьелъул амру-нагью тIубан, гьелъ хIарам гьабураб хIарам гьабун, хIалал гьабураб хIалал гьабун**. Нужеда ракIалдаго гьечIого, нужеда лъазего лъачIого Аллагьасул гIазаб нужеде щвелалде цереккун.** Гьеб Аллагьасул гIазаб бачIуна гьес хIукму-къадар гьабураб заманалъ. Гьеб

бачIунеб заман цониги напсалда лъаларо ва гьел напсазда гьикъуларо нужее гIазаб гьабилищ абун. Гьеб гIазаб жинде щвезе бокьичIев чи кидаго Аллагьасдаса хIинкъун вукIине ккола.

Гьал аятал руго жидеца мунагь гIемер гьабурал, куфру-ширкалда ругел, гIаси-пасикъал чагIи жидеца тавбу гьабиялда ахIулел аятал. Къуръаналда жанир ругел тавбуялъул бицарал аятаздасан бищунго кIудияб аят буго гьаб 53 аб. аят. ТIадегIанав Аллагьас «Я дир лагъзал!» абун ахIулеб буго жиндир лагъзал кIодо гьарун ва гьел кантIизе гьарун. Хадуб жинца гьезда амру гьабулеб буго «Нуж Аллагьасул рахIматалдаса хьул къотIун рукIунге» абун. Гьелдаги хадуб жинца гьезда абулеб буго «Аллагьас киналго мунагьал чурула. Аллагь гурхIулев ва мунагьал чурулев вуго» - абун. Гьаб аят цIаларав ва гьалъул пикру гьабурав чи тавбу гьабиялде вачIине тIадаб буго. Гьаб берцинаб ахIиялъе жинца жаваб кьечIев чи абадияб жужахIалъул гIазабалъулъ вукIин щибго гIажаибаб жо гьечIо: Гьеб бугелъул жинцаги тIаса бищараб бакI.

**56. Жинда ракIалдаго гьечIого цо Аллагьасул гIазаб тIаде щвараб мехалъ цо гIадамаз абизе буго: «Вай дие бугеб пашманлъи ва къварилъи дица Аллагьасе тIадаб гIибадат гьабичIого тей сабаблъун!** Дун вукIана дица Аллагьги гьесул расулги махсароде гьавулевлъун! Аллагьасда иман лъурал муъминзабазда тIад велъанхъулевлъун! ЦIакъ мекъи ккун вугоха дун!» - абун.




**57. Цоги гьеб напсалъ абула: «Аллагьас дунги хIакъаб нухалда тIовитIун вукIаравани дунги Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабаздаса вукIине вукIана» - абун.**

**58. Цогиги напсалъ абизе буго жинда Аллагьасул гIазаб бихьараб мехалъ: «Гьанже дун дунялалде тIад вуссине гьавулевани дун иман лъун лъикIаб гIамал гьабулездаса вукIинаан»-абун.** Гьев инсанасе жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**59. Духъе дир расул вачIана, хIакъаб каламги бачIана. Дуца гьеб гьереси гьабуна, дида иман лъезеги чIухIана. Мун вукIана хIакъаб диналда жидеца инкар ккурал гIадамаздаса абун.**

**60. Къиямасеб къоялъ жидеца Аллагьасде гIунтIизе гьабун гьереси бицунел рукIарал гIадамал дуда рихьизе руго, МухIаммад, жидер гьурмал чIегIерлъун. ЖужахIалда жаниб гьечIищха киналго чIухIарал гIадамал руссунеб бакI?** Жидер БетIергьан Аллагь цо гьавизе чIухIарал,гьесие гIибадат гьабизе чIухIарал, гьесул нигIматазда щукру гьабизе чIухIарал. Гьел гIадамал руссунеб бакI жагьаннама буго. Гьел гIадамалгун цадахъ рукIине руго жидеца Аллагьасул лагъзадериде данде чIухIи гьабурал, гьел хIакъир гьарурал гIадамалги.

**6I. Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамал гьеб къоялъул гIазабалдаса хвасар гьарула жидер бахьи буголъиялдалъун ва жидер мурадазда квершел батиялдалъун**. Гьебги алжаналъул абадиял нигIматал руго. **Гьезда щибго къварилъи хъатIиларо ва гьезда тIаде кинабгIаги пашманлъиги бачIунаро.** Цодагьабги цIикIкIун Аллагьасе гIибадат гьабун букIарабанищ абун рукIуна гьел.

**62. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца кинабго жо бижулев. Гьев Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев, жиндие бокьараб жо гьабулев, жиндие бокьараб гьабичIого толев.**

**63. Гьев Аллагьасе буго зобазулги ракьалъулги хазинабазул ихтияр ва квершел.** Гьев вуго гьел хазинаби жиндие бокьухъин рикьулев, гьезул кIулал жинда кодор ругев. **жидеца Аллагьасдаги гьесул аятаздаги инкар ккурал гIадамал руго ахираталда жал чIорого хутIулел, гьениб жидее щибго лъикIлъи гьечIел.**

**64. Дуца абе, МухIаммад: «Я гьал Аллагь лъаларел ахIмакъал гIадамал! Нужеца дида амруйищ гьабулеб дица Аллагьасеги гьабичIого цоги жоялъе гIибадат гьабе абун?** Гьаб аят

рещтIине гьабуна мушрикаца аварагасде абидал дуца нижер алагьзабазе лагълъи гьабе, цинги нижеца дур Аллагьасе лагълъи гьабизе буго абун.


**65. ХIакълъунго дуда вахIю гьабун буго, МухIаммад, гьединго дуда цере рукIарал киналго расулаздаги вахIю гьабун букIана: «Дуца Аллагьасдехун ширк гьабуни гьеб ширкалъ дур кинабго лъикIаб гIамал гIадада хвезабула, ахираталда мунги вукIуна жал чIорого хутIарал гIадамаздаса»-абун.**

**66. ЦохIо Аллагьасе гьабе дуца лагълъи ва мун вукIа Аллагьас жидее кьурал нигIматазда щукру гьабулел гIадамаздасан.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндие хириял аварагзабаз ширк гьабулареблъи. Гьеб калам буго мушриказе цIакъго хIинкъи кьолеб калам: Аллагьас жиндир аварагги ширк сабаблъун гIазабалъе хIакъ гьавулеб мехалъ цогидал мушриказе цIакъаб гIазаб букIунеблъи лъазе кколеб жо буго. Гьединго гьаб ргIи буго муъминзабазеги хIинкъи кьолеб гьел цIунун рукIине балъгояб ширк абун жинда абулеб рияалдаса ва Аллагь гуреб жоялда хьул лъей гьабиялдасаги.

**67. ТIадегIанав Аллагьасул хIакъикъияб къадру лъан гьелда релълъараб кIодолъи гьабичIо Аллагьасе.** Капурзабазда ва мушриказда гьеб къадру лъазего лъачIо. Гьез Аллагьасдехун ширк гьабуна, гьесие лагълъи гьабизе чIухIана. Муъминзабилъун ругел гIадамалги гIемерал руго Аллагь вугин аби гуреб гьев Аллагь щив вугев, гьесул сипатал щал ругел, гьесул къадру-къимат ва гьунар-гуч кинаб бугеб, гьесул гурхIел ва ццим бахъи кигIанаб бугеб жидеда лъаларел, гьелъул пикруго гьабуларел.

**Гьаб кинабго ракь Аллагьасул хъатиниб жаниб букIине буго Къиямасеб къоялъ.** Гьесул квершаликь буго кинабго махлукъ. **Зобалги гьесул къудраталдалъун сукIун гIодор лъун рукIуна. Жив тIадегIанав ва Жив вацIцIадав вуго Аллагь мушриказ гьесда гIунтIизе гьарулел сипатаздасан**. Гьаб ргIиялдаса мурад буго тIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъи баян гьаби. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалдаги буго: *«ТIадегIанав Аллагьас Къиямасеб къоялъ кинабго ракь хъатикь къала, зобалги сукIун жиндир хьибилалда гIодор лъола, цинги жинца абула: «Дун вуго кинабго махлукъалъул хан. Киреха арал дол ракьалда тIад рукIарал ханзаби»* - абун.

Гьаб аятги аятул муташабигьатаздаса буго. Гьалда жаниб бицараб жо нилъеца Аллагьас абухъин цIалила ва гьелъул куц-рахъ цIехон бахIс гьабиларо, Аллаьасе кинабгIаги рахъги чIезабиларо. Гьединго буго хирияв аварагасул хIадисги.




**68. Исрапил малаикас суралъубе пула гьеб Къиямасеб къо чIезе гIагарлъидал. Цинги зобалаздаги ракьалдаги тIад бугебщинаб жо хун гIодобе ккола, Аллагьасе бокьараб жо хутIизегIан.** ГIарщ баччарал малаикзаби хутIизегIан, алжаналъур ругел хIурулгIинал ва гъилманал, гъарабашалги хутIизегIан. Живго Исрапил малаикги хутIула. **Цингиги Аллагьас амру гьабун Исрапил малаикас суралъуб пула ва кинабго халкъ жидер хобаздасан къватIире рахъун хIинкъун ва хIайранлъун чIола, щиб амрудай жидеде гьабила абун балагьун рукIуна.**

**69. Циндаго ГIарасат майданги кинабго Къиямасеб къоялъул ракьги БетIергьан Аллагьасул нур загьирлъун гьелдалъун гвангъун уна. ГIадамазул гIамалал хъварал тIахьалги гIодор лъола жидер хIисаб-мизан гьабизе. Аллагьас халкъалда дин малъизе ритIарал аварагзабиги, лагъзадерил гIамал хъвалел рукIарал малаикзабиги рачIуна.** Аварагзабазда гьикъула жидер умматаз ва къавмалъ щиб жаваб жидее кьураб абун. ГIамал хъвалел рукIарал малаикзабаздаги гьикъула гьел лагъзадерица гьабулеб гIамалалдаса гьезие нугIлъи гьабизе гьабун.

Цогиги абуна: «Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг ва гьесул уммат жидеца нугIлъи гьабизе рачIуна цересел умматазухъе аварагзаби

рачIана ва гьез Аллагьасул рисалат гьел умматазухъе щвезе гьабуна»-абун. **Цинги кинабго халкъалъул хIисаб-мизанги гьабула хIакъаб ва битIараб хIукму гьабун. Цониги напсалъе щибго зулмуги гьабуларо.** Гьеб напсалъ гьабураб лъикIаб гIамал нукъсан гьабуларо ва гьелъ гьабичIеб квешаб гIамал гьелда тIадги лъоларо.

**70. Щибаб напсалъе жинца гьабураб гIамалалъул жазаъги тIубазе гьабула. Гьев Аллагь жинда лъалев вуго жиндир лагъзадерица гьабураб гIамал.** Гьев хIажатав гьечIо гIамал хъварал кагътаздеги, цIадирабаздаги, нугIзаздаги. Гьеб кинабго иш буго лагъзадерил щибго ргIи абизе рес гьечIеб хIалалъ гьезул гIамалалъе гIадилаб хIукму гьабизе гьел мукIур гьариялъе бугеб. Гьаб кинабго жоялде тIадеги гьев инсанасул щибаб лага кIалъазе гьабун, гьебги биччала нугIлъи гьабизе. Гьеб камилаб хIалалъ хIисаб-мизан гьабун хадуб кинабго халкъ кIиго къукъаялде бикьула ва щибаб къукъа жидер гIамалалда рекъараб жазаълъун бугеб алжаналде яги жужахIалде лъугьине гьарула. Гьаб ахираб хIукму бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**7I. Жидеца Аллагьасде инкар ккурал гIадамал къукъа-къукъаби гьарун,** щибаб жамагIат малаикзабаца цере къотIун жужахIалде рачуна. **Гьел къукъаби жужахIалде аскIоре щвараб мехалъ гьелъул ргьаби ргьула.** Ва кутакаб бухIи ва квешаб махI, гIасияб цIадул гьаракь гьезда дандчIвала. **Цинги жужахIалда тIад тарал забаниятаца** (гIазабалъул малаикзаби) **гьезда кIалгьикъи гьабула нужехъе аварагзаби рачIинчIищ нужедаго гьоркьоса жидеца нужее Аллагьасул аятал цIалулел ва нужее хIинкъи кьолел гьаб жакъа къоялда нужеца дандчIвай гьабизе буго абун. Гьел гIадамаз абула: «РачIана нижехъе аварагзаби» - абун. Амма гьеб мукIурлъиялъ гьезие щибго мунпагIат гьабуларо. Гьезие хIакълъун буго Аллагьас капурзабазе гIазаб гьабизе буго абун гьабураб къотIи.**

**72. Гьездехун абула: «Нуж лъугьа жужахIалъул ргьабахъан жанире даимго гьеб жужахIалъур рукIинелъун». ЦIакъ квешаб рукъ буго ва руссунеб бакI буго Аллагьасда иман лъезе, гьесул расуласда нахърилълъине чIухIарал гIадамазе гьаб жагьаннама.**


**73. Дунялалъул рукъор Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун гьев Аллагьасе гIибадат бацIцIад гьабун жал хьвадарал гIадамалги рачуна алжаналдехун жамагIатал гьарун.** Гьел тахазда рекIине гьарун рачуна ханасде тIаде рачунел къадру кIудиял гьалбал рачунеб хIалалъ. **Гьел муъминзаби алжаналде аскIоре щвараб мехалъ гьел алжаназул ргьаби ргьунго рукIуна гьезул хIурмат гьабун. Алжаналъул хъулухъ гьабулел малаикзабаз гьезда абула: «Нужее салам буго, баракат-рахIматги буго! Нуж куфру-ширкалъул ва нипакъалъул чороклъабаздаса рацIцIадаллъун рукIана. Гьал алжаназде жанире лъугьа нуж даимго гьенир жанир рукIунеллъун» - абун.**

**74. Гьеб алжан бихьараб мехалъ ва гьенире жанире лъугьунеб мехалъ тIадегIанав Аллагьасе рецц гьабун гьез абула: «Кинабго рецц ва щукру Аллагьасе буго жинца нижее гьабун букIараб къотIи ритIухъ гьабурав ва жинца нижее гьаб алжаналъул ракь ирсалъе кьурав, гьелда жанир ниж нижее бокьараб бакIалда чIезе бегьулеблъун. ЦIакъ лъикIаб ажру буго гьаб алжан жидеца Аллагь разилъи тIалаб гьабун лъикIаб гIамал гьабурал муъминзабазе» - абун.**

**75. Гьеб къоялъ дуда малаикзабиги рихьила, МухIаммад Аллагьасул ГIаршалда сверун лъугьун жидеца Аллагьасе тасбихI гьабулеллъун ва гьесие рецц гьабулеллъун. Гьадин хIакъаб хIукму гьабун кинабго халкъалъул амру тIубазе гьабула ТIадегIанав Аллагьас. Гьеб макъамалда кинабго махлукъалъ ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьабун «АлхIамдулиллагьи раббил гIаламина» абула**. Муъминзабаца Аллагьасе рецц гьабула жидее кьурал нигIматазде данде, капурзабацаги рецц гьабула жидее хIукму гIадилаб зулму гьечIеб гьабиялде данде. Кинабго махлукъалъго Аллагьасе рецц гьабула жиндир хIукму битIарав, хIикмат камилав хан гьев Аллагь вукIиналда данде.

АтI ТIабарияс жинда Аллагь разилъаяв Жарир асхIабасдасан бицараб хIадисалда буго: «Цо къоялъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир асхIабзабазул цо къукъаялда абуна: «Дица нужее цIализе руго «Сурату Зумариялъул» ахириял аятал. Гьал аятал цIаларав мехалъ нужедаса жив гIодарав чиясе алжан букIине буго» - абун. Цинги аварагас гьел аятал цIалана «Жидеца Аллагьасе гьабизе хIакъаб къадру гьабичIо» абураб аяталдаса байбихьун сурат тIубазегIан (67-74 аятал). Нижедаса цоял гIодулел рукIана, цогидал гIодулел рукIинчIо ва гьез абуна: «Я расулаллагь! Нижеца кигIан яхI бахъаниги ниж гIодизе абун нижеда гIодизе кIвечIо» - абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Дица гьел аятал гьанжесалалъги цIализе руго. Нужедаса гIодизе бачIинчIев чияс гIодулеб хвелгIаги гьабе» - абун».

**Сурату Гъафири 40.**


الجزء الرابع والعشرون سورة غافر

وَتَرَى ٱلْمَلَٰٓئِكَةَ حَآفِّينَ مِنْ حَوْلِ ٱلْعَرْشِ يُسَبِّحُونَ بِحَمْدِ
رَبِّهِمْ ۚ وَقُضِىَ بَيْنَهُم بِٱلْحَقِّ ۚ وَقِيلَ ٱلْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٧٥﴾

سُورَةُ غَافِرٍ

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

حمٓ ﴿١﴾ تَنزِيلُ ٱلْكِتَٰبِ مِنَ ٱللَّهِ ٱلْعَزِيزِ ٱلْعَلِيمِ ﴿٢﴾ غَافِرِ ٱلذَّنۢبِ
وَقَابِلِ ٱلتَّوْبِ شَدِيدِ ٱلْعِقَابِ ذِى ٱلطَّوْلِ ۖ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ۖ إِلَيْهِ
ٱلْمَصِيرُ ﴿٣﴾ مَا يُجَٰدِلُ فِىٓ ءَايَٰتِ ٱللَّهِ إِلَّا ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ فَلَا يَغْرُرْكَ
تَقَلُّبُهُمْ فِى ٱلْبِلَٰدِ ﴿٤﴾ كَذَّبَتْ قَبْلَهُمْ قَوْمُ نُوحٍ وَٱلْأَحْزَابُ
مِنۢ بَعْدِهِمْ ۖ وَهَمَّتْ كُلُّ أُمَّةٍۭ بِرَسُولِهِمْ لِيَأْخُذُوهُ ۖ
وَجَٰدَلُوا۟ بِٱلْبَٰطِلِ لِيُدْحِضُوا۟ بِهِ ٱلْحَقَّ فَأَخَذْتُهُمْ ۖ فَكَيْفَ
كَانَ عِقَابِ ﴿٥﴾ وَكَذَٰلِكَ حَقَّتْ كَلِمَتُ رَبِّكَ عَلَى ٱلَّذِينَ
كَفَرُوٓا۟ أَنَّهُمْ أَصْحَٰبُ ٱلنَّارِ ﴿٦﴾ ٱلَّذِينَ يَحْمِلُونَ ٱلْعَرْشَ
وَمَنْ حَوْلَهُۥ يُسَبِّحُونَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَيُؤْمِنُونَ بِهِۦ وَيَسْتَغْفِرُونَ
لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ۖ رَبَّنَا وَسِعْتَ كُلَّ شَىْءٍ رَّحْمَةً وَعِلْمًا فَٱغْفِرْ
لِلَّذِينَ تَابُوا۟ وَٱتَّبَعُوا۟ سَبِيلَكَ وَقِهِمْ عَذَابَ ٱلْجَحِيمِ ﴿٧﴾

الجزء ٢٤

٤٦٧

**I. ХIа, Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарп абиялдалъун бугеб мурад.

**2. Гьаб хирияб Къуръан рещтIинаби Жиндир гуч бергьарав, Жжиндир гIелму камилав ТIадегIанав Аллагьасдасан буго.**

**3. Жинца мунагьал рахчулев, жинца лагъзадерил тавбу къабул гьабулевги вуго гьев Аллагь. Жиндехун гIасилъарал гIадамазе гIакъуба гьаби гучав, Жиндир цIоб-рахIму ва нигIматал кьейи гIемеравги вуго. Жив гурев цоги жиндие лагълъи гьабизе бегьулев алагь гьечIевги вуго. Ахираталда кинабго халкъалъул руссинги гьев Аллагьасде буго.**

**4. Гьаб Къуръаналда къацандуларо, жидеца Аллагьасул аятал нахъеги чIваларо Аллагьасда инкар ккурал, авараг гьереси гьавулел гIадамаз гурони. Гьел инкарчагIи гьаб дунялалъул рукъор хьвадиялде балагьун,** гьезул бечелъиялда бахиллъун, гьезул чIухIарал минабаз гIажаиб гьавун, **гьелдалъун мун гуккизе чIоге, я гьав муъминав инсан**!

**5. Гьаб дур умматалъ мун гьереси гьавуна абун дуца ракI къварид гьабуге, МухIаммад! Гьездасан цере рукIарал НухIил къавмалъги ва цогидал гьездасан хадур рукIарал къавмазги жидеда ритIарал аварагзаби гьереси гьаруна. Гьеб щибаб къавмалъ къасд гьабуна жидер аварагасе къварилъи-зарал гьабизе.** Аварагзаби чIвазе къасд гьабуна цо-цо къавмаз ва гьез аварагзаби чIвана. **Гьел къавмаз батIулаб жоги бицун хIакъаб жо къезе гьабизе, гьеб хвезе гьабизе яхI бахъи гьабуна. Дица гьел къавмал дир гIазабалдалъун ккуна. Кинаб гIазабха дица гьезие гьабураб?** ЦIакъ квешаб гIазаб гьабуна: гьел къавмал гьалаг гьарун гьезул наслу бакъвазе гьабуна. Гьезул чIухIарал хъулби-кIалгIабиги чIвадналлъун гьаруна. Гьезул бечелъи хазинаги гIадада хвезе гьабуна.

**6. Гьадинаб гIазаб щвезе букIин хIакъаб буго, я МухIаммад, дур умматалъул капурзабаздаги. Гьел руго жал жужахIалъул агьлулъун ругел гIадамал.**

**7. Жидеца Аллагьасул ГIарш баччарал малаикзаби ва гьеб гIарщалда сверун ругел Аллагьасе хириял малаикзабиги жидеца Аллагьасе тасбихI гьабулел руго, гьесие рецц гьабулел ва гьесдаса муъминзабазул мунагьал рахчи тIалаб гьабун гьесие хIелун дугIа гьабулелги руго. Гьел малаикзабаца абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Дур рахIмат ва гIелму кинабго жоялда жинца щвей гьабулеб буго. Гьеб дур рахIматалдалъун дуца мунагьал чуре жидеца тавбу гьабун дур хIакъаб диналда руссарал ва гьелда чIарал муъминзабазул. Дуца гьел цIуне Аллагь, жужахIалъул гIазабалдаса.**


**8. Я нижер БетIергьан! Дуца гьел муъминзаби лъугьинаре жал даимго жанир рукIунел алжаназда, дуца гьел муъминзабазе ва гьезул жидеца иман лъурал умумузе жиб къотIи гьабун букIараб гьеб алжанги. Гьезул руччабазе ва гьезул лъималазеги жиб къотIи гьабураб, жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабун бугони. Мун вуго БетIергьан Аллагь дур гуч бергьарав ва дур хIукмуялъулъ хIакимияв**.

**9. Дуца гьел муъминзаби цIуне, БетIергьан, гьез хадур мунагьал гьариялдасаги. Дуца жив мунагьаздаса цIунарав чи вуго мун жинда гурхIарав чи. Гьеб дур гурхIел жидее щвей буго бищунго кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва бахьи буголъи.**

ТIадегIанав Аллагьас гьаб лъабго аяталда жаниб бицараб жоялъул магIна буго: Аллагьасе хириял малаикзаби гьесие даимго тасбихI-сужда гьабун гьесие гIибадат гьабулеллъун рукIин, гьел Аллагьасе

гIибадат гьабизе чIухIуларел рукIинги. Гьал капурзаби щиб жоялда божун Аллагьасда гIасилъулел? Гьел щай Аллагьасдаса хIинкъуларел?!

КIиабилебги магIна буго: хириял малаикзабаца муъминзабазе дугIа гьабизе байбихьилелде цебе Аллагьасе рецц гьабулеб буго, гьесул гурхIел-рахIму бергьараб букIин, гIелму-лъай камилаб букIин бицунеб буго. Гьаб буго муъминзабазда дугIа гьабиялъул адаб лъазе гьабун Аллагьас гьезда гьабулеб гурхIел ва малъа-хъвай.




Лъабабилебги магIна буго: Муъминзабазда рекъараб буго жидеца дугIа гьабулеб мехалъ жидер умумузе ва агьлу-хъизаналъе гIаммаб дугIа гьаби, киналго муъминзабазда щвей гьабулеб дугIа гьабиги. Гьеб буго гурхIел-рахIму букIиналъул гIаламат, гьеб гурхIел-рахIму букIин муъминчиясул гIаламат буго ва гьесдаса Аллагьас тIалаб гьабулеб жоги буго.

**I0. Къиямасеб къоялъ капурзабаде ахIула: «Нужеда Аллагьасул цIим бахъи цIакъ гучаб буго нужерго напсазда нужер цIим бахъиналдаса. Нуж Аллагьасде иман лъеялде ахIулел рукIана, амма нужеца гьеб ахIиялъе жаваб кьечIо ва нуж Аллагьасде инкар ккун чIана.**

**II. ЖужахIалъе жал хIакълъараблъи лъараб мехалъ капурзабаца абула: «Я нижер БетIергьан! Дуца ниж кIиго нухалъ хвезе гьаруна ва кIиго нухалъ чIагоги гьаруна гьанже ниж мукIурлъана нижер мунагьазе. Гьанже ниж жужахIалдаса къватIире рахъине сабабго гьечIищ» - абун.**

**I2. Гьел капурзабазе жаваб гьабун Аллагьасул рахъалъан абула: «Гьеб нужее бугеб гIазаб буго нуж Аллагь цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялда ахIараб мехалъ нужеца гьелда инкар ккуна, Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабиялде нуж ахIарал чагIазда нужеца иман лъуна ва нуж гьезда нахърилълъана. Гьанже хIукму гьабулев чи цохIо Аллагь вуго.** Гьел хъанчазе ва цогидал аллагьзабазе жакъа щибго рагIи ва ихтияр гьечIо. Нужее гьаб гIазабалдаса хвасарлъиги гьечIо.

**I3. Гьев БетIергьан Аллагь вуго нужер хан, я гьал гIадамал! Жинца нужеда аятал ва гIаламатал рихьизарулев. Жинца нужее зодисан ризкъиги рещтIинабулев:** цIад базабулев, гьелдалъун нужее ах-хур бижизабулев. **Аллагьасул гьал гIаламатал рихьуларо ва гьезул вагIзаги босуларо жал Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIад чIарал муъминзабазца гурони.**


**I4. Нужеца гьев Аллагьасде ахIе, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун, гьеб капурзабазе рихунеб бугониги** ва гьез нужеде рагъ гьабулеб бугониги.

**I5. Жиндир даражаби тIадегIанав вуго гьев Аллагь**: кинабго ханлъи ва тIадегIанлъи жиндие бугев. **Жиб кIудияб ГIаршалъул БетIергьанги вуго. Аллагьас жиндир халкъалдаса жиндие вокьарав чиясде витIула жиндир вахIю босун Жабраил малаик. Гьеб вахIюялдалъун расулас умматалъе хIинкъи кьезе кинабго халкъ тIаде бахъине гьабун цоцаде данделъулеб къиямасеб къоялъул гIазабалдалъун.**

**I6. Гьеб къоялъ кинабго халкъ Аллагьасда цебе чIун букIуна: гьел щибго жоялъ рахчинаруларо.** Гьеб ГIарасат майдан цIан битIараб авлахъалда релълъун букIуна. **Гьеб халкъалъул цониги гIамал, рагIи ва рекIел хиялги Аллагьасдаса балъго букIунаро. «Жакъа тIобараб ханлъи ва кIодолъи щив чиясе бугеб?» - абун ахIула Аллагьасул рахъалъан.** Гьесие жаваб гьабизе кIолев щивго чи вукIунаро ва БетIергьан Аллагьас жинцаго жаваб гьабула: **«Жиндир гуч бергьарав, жив цогояв Аллагьасе буго жакъа тIобараб ханлъи» - абун.**

**I7. Жакъа щибаб напсалъе жазаъ гьабизе буго жинца гьабураб гIамалалда рекъараб, жакъа кинабгIаги зулмуги букIине гьечIо. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинца хIисаб-мизан цIакъ хех гьабулев вуго.**

Гьес кинабго халкъалъул хIисаб цохIо заманаялъ гьабула. Инсанасда релълъараб гьечIо БетIергьан Аллагьасул тIабигIат: цо иш гьабулев вугони инсанасда цоги иш цадахъ гьабизе кIоларо. Аллагьасда кIола кинабго халкъалъул хIисаб цого заманаялъ гьабизе. Дунялалъул рукъоб кинабго халкъалъе ризкъи цадахъго кьолеб букIараб гIадин, ахираталда гьезул хIисабги цадахъго гьабула. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдасан бицараб хIадисалда буго: *«Цо къо къалъуде щолеб заманалда жаниб алжаналъул агьлу алжаналде жанибе лъугьун хIалхьон букIуна, жужахIалъул агьлу жужахIалдеги лъугьун букIуна»*- абун.




**I8. Дуца мушриказе хIинкъи кье, МухIаммад, жиб цIакъ гIагарда бугеб Къиямасеб къоялъул гIазабалдалъун. ГIемер хIинкъун жидер ракIал карандасан къватIире кIанцIизе хIадурлъун щокъроре рахун рукIунеб**. Кутакаб хIинкъи ва пащманлъи жаниб бахчун гьел рукIунеб. **Аллагьасде гIасилъун жидеца напсазе зулму гьабурал гIадамазе гьеб къоялъ гьудул-гьулмагъ вукIунаро ва гьезие шапагIат гьабулев чиги вукIунаро гьездаса гIазаб борхизе кIолев.**

**I9. ТIадегIанав Аллагьасда лъала нужер беральъ гьабураб хиянатги:** гьеб цIогьор гIадин хIарамаб бакIалде балагьараблъи лъала. **Нужер ракIазда жаниб бахчун бугеб балъголъиги лъала гьев Аллагьасда.** ХIарамаб бакIалде бер балагьараб мехалъ нужер рекIелъе бачIунеб хивалги лъала. Гьав Аллагьасдаса балъго хутIила абун нужеца щибго хIарамаб ва карагьатаб жо гьабуге, я гьал муъминзаби!

**20. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца хIакъаб жоялдалъун хIукму гьабулев. Гьев Аллагьги тун жидеца лагъалъи гьабулел хъанчал руго жидеда щибго жоялъулъ хIукму гьабизе кIоларел.** Гьел ругелъул рухI гьечIел, гIакълу гьечIел, гIадамазул квераз цIул, гамачI ва цогидабги жо бикIун, буцIун гьарурал къаркъалаби.

**ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо ргIулев ва бихьулев.** Балъго щурун бицараб жоги гьесда ргIула, рекIелъ ругел пикрабиги гьесда рихьула ва лъала.

**2I. Гьал Маккаялъул мушрикал сапаразде хьвадуларищ ва гьез пикру гьабуларищ жидеда цере рукIарал умматазул ахир киндай ккана абун. Гьел гIемерго къуват-гуч бугелги рукIана ва жидеца ракьалда тIад шагьарал, росаби ран гIезегIанго лъалкIалги тун рукIана.** Жал гIаси-пасикълъиялда чIараб мехалъ ва жидер мунагьалги гIемерлъараб мехалъ **гьел Аллагьас гьалаг гьаруна. Аллагьасул гIазабалдаса гьел цIунизе кIолев щивго чиги вукIинчIо**.


**22. Гьел гьалаг гьариялъе сабабги букIана жал Аллагьасул диналде ахIулел аварагзаби рачIун рукIин, гьез баянал аятал ва хIужабиги рачIун рукIин. Гьел къавмаз инкар ккуна Аллагьасде иман лъезе, гьесул расулаздаги мутIигIлъизе. Цинги Аллагьас гьел жиндир гучаб гIазабалдалъун ккуна. ХIакълъунго Аллагь жив гучав вуго, жинда гIасилъаразе гIакъуба къвакIараб гьабулевги вуго.**

**23. БичасхIаги дица Муса аварг витIана дир мугIжизаталгун ва жал баянал хIужжабигун**

**24. жидеца ракьалда тIад пасалъи ва зулму гьабун хьвадулел рукIарал ПиргIавнида, гьесул вазир Гьаманида, гIемераб хазинаялъул бетIергьанлъун вахъун вукIарав Къарунидаги ва гьезда нахърилълъарал къибтIияздаги. Гьез Муса аварагасул хIакъалъулъ абуна: «Гьав чи вуго цIакъ сихIру гьабизе ругьун гьабурав сихIир ва жинца гьереси бицунев чи» - абун.**

**25. Гьезухъе Муса авараг хIакъаб диналдалъун вачIараб мехалъ, дир рахъалъан жив ритIухъ гьавулел мугIжизаталги рихьизе гьарураб мехалъ ПиргIавница ва гьесул агьлуялъ абуна: «Нужеца бануисраилазул Мусада иман лъурал гIадамазул бихьинал лъимал чIвае, гьезул ясал чIаго те» - абун.** Муса авараг гьавилелде цебеги ПиргIавница гьеб зулму гьабулеб букIана бануисраилазе. Гьанже Муса авараг баянал хIужабигун вачIиндал, жиндир сихIручагIиги гьесда иман

лъун жиндаса руссиндал, ПиргIавница хIукму гьабуна бануисраилал дагьлъизе гьезул васал чIвазе ва гьезул ясал жидее гъарабашаллъун кквезе**. Ва амма гьел капурзабазул макру ва тадбир жиб гIадада хвараб, чIобого хутIараб букIуна.** Аллагьас толаро гьезул макру къезе гьабичIого ва гьел инжит гьаричIого.


الجزء الرابع والعشرون سورة غافر
وَقَالَ فِرْعَوْنُ ذَرُونِيٓ أَقْتُلْ مُوسَىٰ وَلْيَدْعُ رَبَّهُۥٓ ۖ إِنِّيٓ أَخَافُ
أَن يُبَدِّلَ دِينَكُمْ أَوْ أَن يُظْهِرَ فِى ٱلْأَرْضِ ٱلْفَسَادَ ﴿٢٦﴾
وَقَالَ مُوسَىٰٓ إِنِّى عُذْتُ بِرَبِّى وَرَبِّكُم مِّن كُلِّ مُتَكَبِّرٍ لَّا يُؤْمِنُ
بِيَوْمِ ٱلْحِسَابِ ﴿٢٧﴾ وَقَالَ رَجُلٌ مُّؤْمِنٌ مِّنْ ءَالِ فِرْعَوْنَ
يَكْتُمُ إِيمَٰنَهُۥٓ أَتَقْتُلُونَ رَجُلًا أَن يَقُولَ رَبِّىَ ٱللَّهُ وَقَدْ
جَآءَكُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ مِن رَّبِّكُمْ ۖ وَإِن يَكُ كَٰذِبًا فَعَلَيْهِ
كَذِبُهُۥ ۖ وَإِن يَكُ صَادِقًا يُصِبْكُم بَعْضُ ٱلَّذِى يَعِدُكُمْ ۖ
إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى مَنْ هُوَ مُسْرِفٌ كَذَّابٌ ﴿٢٨﴾ يَٰقَوْمِ لَكُمُ
ٱلْمُلْكُ ٱلْيَوْمَ ظَٰهِرِينَ فِى ٱلْأَرْضِ فَمَن يَنصُرُنَا مِنۢ بَأْسِ ٱللَّهِ
إِن جَآءَنَا ۚ قَالَ فِرْعَوْنُ مَآ أُرِيكُمْ إِلَّا مَآ أَرَىٰ وَمَآ أَهْدِيكُمْ
إِلَّا سَبِيلَ ٱلرَّشَادِ ﴿٢٩﴾ وَقَالَ ٱلَّذِىٓ ءَامَنَ يَٰقَوْمِ إِنِّىٓ أَخَافُ
عَلَيْكُم مِّثْلَ يَوْمِ ٱلْأَحْزَابِ ﴿٣٠﴾ مِثْلَ دَأْبِ قَوْمِ نُوحٍ وَعَادٍ
وَثَمُودَ وَٱلَّذِينَ مِنۢ بَعْدِهِمْ ۚ وَمَا ٱللَّهُ يُرِيدُ ظُلْمًا لِّلْعِبَادِ ﴿٣١﴾
وَيَٰقَوْمِ إِنِّىٓ أَخَافُ عَلَيْكُمْ يَوْمَ ٱلتَّنَادِ ﴿٣٢﴾ يَوْمَ تُوَلُّونَ مُدْبِرِينَ
مَا لَكُم مِّنَ ٱللَّهِ مِنْ عَاصِمٍ ۗ وَمَن يُضْلِلِ ٱللَّهُ فَمَا لَهُۥ مِنْ هَادٍ ﴿٣٣﴾
٤٧٠

**26. ПиргIавница жиндир гIакълучагIазда абуна: «Нужеца дун те дица Муса чIвазе, цинги гьев Мусаца ахIи бае абе жиндир БетIергьанасда дир чIваялдаса жив хвасар гьавеян» - абун.**

Гьеб ргIи гьес абуна жиндир къавмалда бихьизабизе жив Мусадаса хIинкъуларебльи, гьесул Аллагьасдасаги хIинкъуларебльи. ПиргIавница къавмалда абулеб букIиндал дун вугин нужер бищунго кIудияв ва тIадегIанав БетIергьан абун.

АбухIаян абулев гIалимас абуна: «МухIканаб жо буго жиндие Аллагьасул лагIнат батарав ПиргIавнида лъалеб букIин Муса авараг вукIин, гьес бихьизе гьабураб мугIжизатги Аллагьасул рахъалъан бугеб баянаб ва загьираб далил букIин гьев авараг вукIиналда ва амма гьев ПиргIавн цIакъ хъубав, къабихIав чи вукIана, гьесие гIадамал чIвайги щибго кIвар гьечIеб жо букIана.

Гьесие цIакъ бокьун букIана жиндир ханлъи ва Аллагьлъи кодоса бахъизе вачIарав Муса чIвазеги, киннигин гьесул рекIелъ хIинкъиги букIана гьев Муса чIваялдалъун жинда тIад гьалагльи хехго бачIинилин. Гьедин бугелъул жив агьлуялда мушавара гьабулев гIадин кIалъана: «Дун Муса чIвазе те нужеца» - абун, гьеб агьлуялъ жив Муса чIваялдаса нахъе чIваравлъун вукIине. Хадубги ПиргIавница абуна: «Дун хIинкъун вуго гьав чияс нужер дин хисизе гьабилин абун – нужеца дие гьабулеб лагълъиги тун гьесул Аллагьасе лагълъи гьабила» - абун. «Яги гьес гьаб ракьалда тIад цо гIадлу хвей ва пасалъи гьабила абун хIинкъун вуго дун»-абун. ГIарабиязул кици буго: «ПиргIавница вагIза гьабулеб буго» - абун. Гьеб кици бачIараб бакIги гьаб аят буго. Унгогоги гьечIищха гьаб бакIалда ПиргIавн вагIзачилъун кIалъалев?!

**27. Цинги Муса авараг абуна: «Дица дирги нужерги БетIергьан Аллагьасдалъун цIуни гьарулеб буго жинца Аллагьасда ва Къиямасеб къоялда иман лъоларев, жив чIухIарав ва гIамал кIудияв чиясул заралалдасан» - абун.**

**28. Цинги ПиргIавнил агьлуялдаса жив вугев, жинца Аллагьасда ва Мусада иман лъурав, гьеб иман лъейги бахчун вукIарав цо муъминчияс абуна: «Нужеца гьав чи чIвазехъинищ вугев гьес жиндир БетIергьан Аллагь вуго абураб ргIи сабаблъун?** Цоги гьас нужее гьабураб къварилъиги гьечIо. **Гьев нужехъе баянал хIужабигун ва мугIжизаталгун вачIун вуго нужер БетIергьанасул рахъалъан. Гьев чи жинца гьереси бицунев ватани, гьеб гьересиялъул мунагьхIакъ гьесие жиндиего букIина. Гьев чияс битIараб жо бицунеб батани гьес нужее хIинкъи кьолеб гIазабалъул цо бутIагIаги щвела нужеда: нужеца гьесда иман лъечIони ва гьев чиги чIвани. ХIакълъунго Аллагьас тIовитIуларо ва квербакъиги гьабуларо жив къосиналъулъ гIорхъолъан арав чиясе ва жинца гьереси бицунев чиясеги» - абун.**

ПиргIавница Муса авараг чIвазе къасд гьабидал, гьев ПиргIавнил къавмалъ Муса гьареси гьавиги бихьидал, гьев муъминчи хIинкъичIого цеве чIана ПиргIавнида ва жинца насихIат гьабулевлъун кIалъана жив Мусал рахъ ккун кIалъалев вукIин бичIчIулареб хIалги гьабун. Хадубги гьев муъминчияс абуна:

**29. Я дир къавм! Жакъа нужее битIараб ханлъи буго гьаб Мисриялъул ракьалда тIад. Нуж цогидал къавмаздаса бергьаралги руго.** Нужеца бануисраилал нужер лагъзаллъун ккун руго. **Нагагь нилъеде тIаде Аллагьасул гIазаб бачIани нилъее квербакъулев щив чиха вукIине вугев?» - абун.** Цинги ПиргIавница жиндирго чIухIи ва гIамалкIодолъи загьир гьабуна ва гьес абуна:


**«Дида лъикIаблъун бихьуларо нуж нахърилълъине дица нужеда бицараб жоялда гурони»** - абун. Гьеб буго жинца Муса чIвазехъин вуго абураб рагIи. Хадубги гьес абуна: **«Дица нуж тIоритIулел руго битIараб нухалда»** - абун. ПиргIавние жиндир рагIи гурони битIараб букIинчIо, жиндир нух гурони хIакъабги букIинчIо.

**30. Цинги гьев иман лъурав чияс абуна: «Я дир къавм! Дун хIинкъун вуго нужедеги щвезе гурин абун цересел умматазул аварагасде данде рахъарал къукъабазде щвараб гIадаб гIазаб.**

**3I. НухIил къавмалда, ГIадилазда, Самудиязда щвараб гIадаб, гьезда хадур рукIараздаги щвараб гIадаб гIазаб щвезе гурин абун. ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадерие зулму гьабизе бокьулев гьечIо.** Гьел къавмазда щвараб гIазаб букIана жидер куфру-ширк сабаблъун щвараб.

**32. Я дир къавм! дун хIинкъун вуго нужеда Къиямасеб къоялъул гIазаб щвеялдаги.**

**33. Аллагьасул гIазабалдасан хIинкъун, мугъ бан нуж лъутун унеб къо буго гьеб. Амма нуж гьеб гIазабалдаса рорчIунаро ва нуж гьелдаса цIунулев чиги вукIунаро. Аллагьас жив къосаравлъун тарав чи жинца битIараб нухалда тIовитIулев чиги вукIунаро.**




**34. БичасхIаги нужехъе гьалдасан цояв Юсуп авараггги вачIун вукIана баянал хIужабигун Аллагьасул диналде ахIизе. Амма нуж гьев авараг вукIиналда щакдарана, гьев жиндалъун вачIараб жоялда нужеца инкарги ккуна.** Гьаб рагIи буго Муса аварагасул заманалъ ругел бануисраилазул умумузухъе вачIун вукIана Юсуп авараг абураб. **Цинги гьев Юсуп авараг хвараб мехалъ нуж цIакъ рохана ва нужеца абуна: «Аллагьас гьесда хадув тIокIав авараг витIизе гьечIо»** - абун. Щибго жидее гIелму ва хIужжа гьечIеб жо бицун абуна гьез гьеб рагIи. **Гьедин къосине гьарула Аллагьас кинавниги жив гIасияв, Аллагьасул диналъулъ щакдарулев чи.** Жидее баянал хIужаби рачIараб мехалъ жидеца иман лъечIел гIадамал Аллагьас жидер къосиналъулъ ва куфруялъулъ тола. Ахираталда гьезие жужахIалъул гIазабги гьабула.

**35. Жидее щибго хIужа-далил гьечIого Аллагьасул аятазда ва гьесул расулазда къацандулел гIадамал руго гьел. Гьезда цIим бахъин гучаб букIуна Аллагьасул ва муъминзабазулги. Гьел Аллагьасда инкар ккурал, гьесул аваргзаби гьереси гьарурал гIадамазул ракIазда куфруялъул мугьру чIвараб гIадинго гьеб куфруялъул мугьру чIвала кинавниги чIухIарав, залимав чиясул ракIалдаги.** Гьеб ракI буго цогидал лугбазул хан. Гьеб ракI лъикIлъани цогидал лугбалги лъикIлъула. Гьеб ракI квешлъани цогидал лугбалги квешлъула. Гьедин бугелъул абуна тIадегIанав Аллагьас «РакIалда чIвала куфруялъул мугьру» - абун.

**36.** Гьаб хабар бицун муъминчи кIалъараб мехалъ ПиргIавница абуна: **«Я Гьаман! Дуца дие борхатаб ва щулияб си бае – хъала бае. Гьеб сиялде тIадеги вахун дица зодове унел нухал цIехезе руго.**

**37. Гьел зодоре унел нухалги цIехон дун гьев Мусал Аллагьасде валагьизе вуго.** Дида гьев дирго беразда вихьизе бокьун буго. **Дида гьав Муса жинца гьереси бицунев чи вугин абун кколеб буго ва гьес абулев Аллагьги гьечIо.**

Дун вуго нужее аллагь. Гьаб рагIи абиялъул магIнаги буго: дов муъминчияс бицараб хабаралъ жиндир къавмалъул рекIелъе иман лъугьинин абун хIинкъун, гьел къосине гьаризе ва жив зодовеги вахуна абун гьезда ракIалде ккезе гьабизе абуна ПиргIавница гьеб рагIи.

**Гьадин щайтIаналъ ПиргIавнида берцин бихьизе гьабуна жиндир квешаб гIамал ва гьев нахъеги чIвана битIараб нухалдаса. Гьев ПиргIавница гьабураб гIамал ва гьесул макру жиб**

**гIадада хвараб буго.** Дунялалдаго гьев гьалаг гьавуна ралъдалъе гъанкъизе гьавун, жиндир ханлъиги, хъизанги бануисраилазе тун. Ахираталда гьесие абадияб жужахIалъул гIазабги букIине буго.

**38. Жинца иман лъурав чияс абуна: «Я дир къавм! Нуж дида нахърилълъа! Дица нуж тIоритIизе руго битIараб нухалдаги ва хIакъаб диналдаги.**


**39. Я дир къавм! Гьаб дунялалъул чIаголъи буго жиб дагьабго мехалъ букIунеб мунпагIат боси.** Гьеб хехго тIасса уна ва гьелда божарав чи ахираталъе чIового хутIуна. **Ахират буго даимго жиб нахъе хутIулеб ва даимго жинда жанир рукIунеб рукъ.**

**40. Гьеб ахираталда жидеца квешаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ гьабула, щибго жо тIаде цIикIкIинабуларо. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал бихьиназеги руччабазеги алжаназде жанире лъугьинари буго жазаъ. Жидее гьеб алжаналда жаниб нигIаматал кьола щибго хIисаб гьечIого: рикIкIинчIого, цIадироялъ цIачIого.** Гьез гьабураб лъикIаб гIамалалдаса гIемерго лъикIаб ва тIокаб жазаъ гьабула.

==========

Абуумамат Ияс бину СагIлабатидаса (ра) хIадис бицана:

Аллагьасул расулас ﷺ абуна: ***«Гьереси гьаги гьедун бусурманчиясул хIакъ босарав чи Аллагьас (عز وجل) жужахI тIадавлъун гьавуна ва гьесие алжанги хIарам гьабуна»-абун. Цинги цо асхIабас (ра) абуна цIакъго дагьаб хIакъ букIанигийищ, я Расулаллагь?-абун. Аварагас ﷺ абуна: Аракалъул гIучI букIаниги» - абун.*** Ай цаби рацIцIунеб сивак букIаниги. ХIадис Муслимица (ра) бицана.




**4I. Ва дир къавм! Дица нуж ахIулел руго ахираталъул гIазабалдаса хвасарлъулеб жоялда – Аллагь цо гьавиялда. Ва амма нужеца дун ахIулев вуго жужахIалде унеб нухалде:**

**42. Аллагьасдехун ширк гьабиялде ва гьев Аллагьасде инкар кквеялде, дида жиб лъалареб жоялже ахIулев вуго дун. Дица нуж ахIулел руго жиндир гуч бергьарав, жинца мунагьал рахчулев, жив цогояв Аллагьасе лагълъи гьабиялде.**

**43. ХIакъаб жо буго нужеца дун жинда ахIулеб хъанчие лагълъи гьаби букIин жидеда ахIарав чиясе жаваб кьоларел, жидер щибго гьунар гьечIел жалазе лагълъи гьаби. Гьез я дунялалда яги ахираталда щибго кумек гьабизе гьечIо. Нилъ киназулго руссин тIадегIанав Аллагьасде буго. Жидеца куфру-ширк ва зулму гьабурал гIадамалги жал жужахIалда рукIине ругел руго.**

**44. Нужеда нахъа ракIалде щвезе буго ва бичIчIизе буго жакъа дица нужеда бицунеб жо.** Нужеда Аллагьасул гIазаб щвараб мехалъ лъазе буго гьеб дица бицунеб жо хIакъаб букIин. **Дица дир амру тIадеганав Аллагьасде тIамун тун буго. Гьев Аллагь вуго жинда лагъзадерил хIал лъалев, гьезие мустахIикъаб амру бихьулев.**

Гьаб бакIалда лъугIана ПиргIавнил къавмалъул жинца иман лъурав чияс ПиргIавнида ва гьесул къавмалда гьабураб хитIаб ва вагIза-насихIат. Гьеб буго 28 аяталдаса 44 аяталде щвезегIан. Жал къосарал ва жидер ракIазулъ куфру-ширк бугел гIадамазе гьесул вагIза-насихIаталъ асар гьабичIо. Гьез гьев чи чIвазеги къасд гьабуна. Гьеб хIал бицун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**45. Аллагьас гьев муъминчи цIунана жиндир къавмалъул квешаб макруялдаса. ПиргIавнидаги гьесул къавмалдаги Аллагьасул гIазабги хIакълъана**. Дунялалда гьел ралъдалъ гъанкъизе гьаруна, ахираталда гьезие абадияб жужахIги буго.

**46. ЖужахIалъул цIа буго гьезие бугеб гIазаб щибаб радал-бакъанида жидеда гьеб бихьизе гьабулеб.** Гьаб буго хабалъ гIазаб гьабизе букIиналъе далил. Гьел капурзабазе нахъасан къотIи гьечIеб гIазаб буго хобалда жаниб. **Къиямасеб къо чIараб мехалъги Аллагьас жиндир малаикзабазда амру**

**гьабула: «Нужеца гьев ПиргIавнги гьесул къавмги бищунго квешаб гIазабалъулъе лъугьине гьаре!» - абун.**


Ибну ГIумаридаса бицараб сахIихIаб хIадисалда буго жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер цояв хвараб мехалъ гьев чиясда ахираталда жив вукIунеб бакI бихьизе гьабула радалги бакъанидаги. Гьев чи алжаналъул агьлу вугони жив алжаналда жанив вукIунеб бакI бихьизе гьабула. Гьев жужахIалъул агьлу вугони жужахIалда вукIунеб бакIги бихьизе гьабула. Гьев лагъасдаги абула: «Гьаб буго мун жанив вукIунеб бакI» - абун. Гьеб хIал букIуна Къиямасеб къо чIезегIан»* - абун.

Цоги хIадисалда буго: *«Къиямасеб къоялъ муъминчиясда бихьизе гьабула жинца иман лъун букIинчIебани жив жужахIалда вукIине вукIараб бакI. Гьелдалъун муъминчияс Аллагьасе рецц ва щукру гьабизе жив иманалда тIовитIун алжаналъул агьлулъун гьавиялда. Капурчиясдаги бихьизе гьабула жив алжаналда вукIине вукIараб бакI гьес иман лъун букIарабани. Гьелдалъун гьесул пашманлъи ва хIасралъи цIикIкIизе»* - абун.

**47. Гьеб жужахIалда жаниб бугеб къавм цоцазде къацандулеб гIуж рехсе, МухIаммад, дур умматалъе вагIзалъун. Жал нахърилъулъун рукIарал загIипал гIадамаз жидер церехъабазда абула: «Ниж рукIана нужеда нахърилъулъараллъун Аллагьасдехун нужеца куфру-ширк гьабураб мехалъ. Гьанже нуж ругищха нижедаса гьеб гIазабалъул цо бутIагIаги тIаса босулел?» - абун.**

**48. Дунялалда жал чIухIун рукIарал гIадамаз абула: «Жакъа нилъ киналго гьаб жужахIалда жанир руго. ТIадегIанав Аллагьас халкъалда гьоркьоб хIакъаб хIукму гьабун тIубан буго.** Гьанже гьеб хIукму хисинабулев щивго чи вукIунаро» - абун.

**49. Цинги гьеб жужахIалда жанир ругел гIадамаз гьеб жужахI хьихьун ругел малаикзабазда абула: «Нужеца гьаре нужер БетIергьанасда нижедаса гьаб гIазаб тIаса босе цохIо къоялъгIаги» - абун.**




**50. Гьел малаикзабаца абула: «Дунялалда нужехъе Аллагьасул аварагзаби рачIун рукIинчIищ хIакъал хIужабигун ва аяталгун?» - абун. Гьел гIадамаз абула: «РачIун рукIана» - абун. Цинги малаикзабаца абула гьанже нужецаго гьаре Аллагьасда нужедаса гIазаб борхеян абун. Гьел капурзабаца гьабураб дугIаги гIададисеб жо букIуна, гьелъие жаваб гьабуларо.**

**5I. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: Дица квербакъи гьабула дир аварагзабазе ва муъминзабазеги гьел дунялалда ругеб мехалъ. Гьединго ахираталда жидеца лагъзадерил гIамалалъе нугIлъи гьабун гьеб гIамал хъвалел рукIарал малаикзаби рачIараб мехалъги квербакъи гьабула дица дир расулазе ва муъминзабазе.** Дунялалъул рукъоб гьезие квербакъи гьабула баянаб хIужа-далилалдалъун, тущманасда тIад бергьенлъи кьун, гьел асир гьарун. Ахираталда квербакъи гьабула гьел муъминзаби алжаналде жанireги лъугьине гьарун ва гьезие сахаватал нигIматалги кьун.

**52. Капурзабазе жидеца бачараб гIузруялъ щибго мунпагIат гьабулареб къо буго гьеб. Гьел Аллагьасул рахIматалдаса рикIкIад гьарун рукIуна ва гьезие квешаб рукъги букIуна – жужахI букIуна жал даимго гьенир жанир рукIунеб рукълъун.**

**53. ХIакълъунго дица Муса аварагасухъе тIоритIел кьуна,** авараглъи кьуна. **Мусаде рещтIинабураб тIехь Тавратги бануисраилазе ирсалъе кьуна.**

**54. Жинца гIадамал хIакъаб диналде тIоритIулеб нурлъун, ва жидер гIелму-гIакълу бугел гIадамазе вагIза-насихIатлъунги.**

**55. Дуца сабру гьабе, МухIаммад, гьал мушриказ дуе гьабулеб къварилъи баччун ва гьел хIакъаб диналде ахIунги. Жинца аварагзабазе квербакъи гьабула абураб Аллагьасул къотIи**

**хIакъаб жо буго. Гьеб къвербакъи дуеги букIине буго. Дуца Аллагьасда гьаре дур мунагьал рахче абун, гьев Аллагь кIодо гьавун тасбихIги гьабе, гьесие рецци гьабе радалги къасиги гIужазулъ ва кинабго заманаялъ.**

Гьаб амру хирияв аварагасда гьабун бугониги гьалдалъун мурад букIуна исламияб уммат. Аварагас мунагьал чури гьари букIуна Аллагьасе мутIигIлъи загьир гьаби, гурони гьесул мунагьал рукIунаро, жинца мунагьал гьарулев чи авараглъунги вукIунаро.


**56. Жидее щибго хIужаго гьечIого Аллагьасул аятазда дагIба гьабулел гIадамал руго жидер рекIелъ чIухIи бугел,** дуда нахърилълъине чIухIарал гIадамал. **Амма гьел жидер мурадазде щвеларо. Дуца Аллагьасдалъун цIуни гьаре гьел гIадамазул квешлъиялдаса. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо рагIулев ва бихьулев.**

**57. БичасхIаги зобалги ракьги бижи кIудияб амру буго гIадамал рижиялдаса. Киннги гIадамазул гIемерисел жидеда гьаб амру бичIчIуларел ва лъаларел руго.** Гьез пикру гьабулеб гьечIо щибго жо гьечIеб бакIалдаса гьаб махлукъ жинца бижарав Аллагьасе хун хадур гIадамал тIаде рахъине гьари щибго захIматаб жо гьечIеблъи.

**58. Жинда щибго жо бихьуларев беццав чиги жинда канлъи бихьулев чиги цоцазда ращад гьечIо. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабулел муъминзабиги жив къосарав капурчиги бищад гьечIо. Гьаб вагIза босулел ва гьелдасан жидее мунпагIат лъугьунел гIадамал цIакъго дагь гурони гьечIо.**

==========

Ахират тIалаб гьабулев чиясеги гIемер батIи-батIиял даражаби руго. Унго-унгоял бахIарзазе бугеб, бищун тIадегIанаб даража буго гьаб ракьалда тIад цохIо Аллагьасе лагълъи гьабиялде халкъ ахIи, ракьалда тIад гьабулеб хIакъаб хIукмуги Аллагьасул хIукму букIиналде гьел мукIур гьари. Гьаб Аллагьасул диналъе гIоло рухI бичи буго бищун тIадегIанаб макъам. ГIалимзабаца абун буго: «Алжан цIакъ къимат кIудияб рукъ буго. Инсанасе бищунго къимат кIудияб жо жиндир рухI буго. Ахираталда бищун къимат кIудияб алжан щвезе бокьарав чияс дунялалда бищунго къимат кIудияб жо кьезе ккола» - абун. Аллагьас тавпикъ гьабеги хIакъаб жо бихьизе, лъазе ва гьелда нахърилълъине.




**59. Къиямасеб къо бачIинги щибго жиндилъ щаклъи гьечIеб амру буго. Гьеб иш гьадин бугониги гIадамазул гIемерисел жидеца ахираталде иман лъоларел руго.**

**60. Нужер БетIергьан Аллагьас абулеб буго: «Нужеца дида гьаре, дица нужее жаваб кьезе буго»** - абун. Гьаб рагIиялдалъун тIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерил ракI гьесизе гьабулеб буго дугIа гьабиялде ва гьезие жаваб гьабизе къотIиги гьабулеб буго. Цо гIалимзабаца гьаб рагIиялъул магIна гьабуна: «Нужеца гIибадат дие гьабе, дица гьеб гIибадат къабул гьабизе буго» - абун.

**Дие гIибадат гьабизе ва дида гьаризе чIухIарал гIадамал ахираталда жужахIалде жанире лъугьине руго жал гIодорегIан гьарун ва хIакъир гьарун ругеб хIалалъ.** Аллагьасде данде чIухIи гьабурав чи гьес цIакъ гIодовегIан гьавула, Аллагьасе хIеларав ва мутIигIлъарав чи Аллагьас тIадегIан гьавула.

**6I. ТIадегIанав Аллагь вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав хан, жинца нужее сордо бижарав нуж гьеб сардилъ хIалхьиялда чIезе. Нужее къоги гьабурав жиндилъ канлъи бихьулеблъун** нуж магIишат тIалаб гьабун ракьалда тIад хьвадизе. **ХIакълъунго Аллагь вуго жинца гIадамазе гIемераб лъикIлъи гьабулев ва амма гIадамазул гIемерисел руго жидеца гьев Аллагьасе щукру гьабуларел.** Жидеца Аллагьасул нигIматалги кванан гьев Аллагьасул амруялда жал гIасилъулел.

**62. Гьав БетIергьан Аллагь вуго жинца кинабго гIамал бижарав нужер БетIергьан. Гьев гурев цоги Аллагь гьечIо. Гьав Аллагьасе гIибадатги гьабичIого цоги жоялъе гIибадат гьабиялде кин нуж руссунел ва кин нужеда гьеб берцин бихьулеб?**

**63. Гьаб дур къавм буссараб гIадин, хIакъаб диналдаса руссун рукIана цересел къавмазул жидеца Аллагьасул аятал ва гьесул дин гьереси гьабулел гIадамалги.** Гьеб цIияб иш гьечIо. Дуца сабру гьабе, МухIаммад! Аллагьасда гьеб кинабго иш бихьулеб буго ва дуе къотIи гьабураб квербакъиги, гьезие къотIи гьабураб гIазабги жиб бачIин ва букIин хIакъаб жо буго.


**64. Гьев Аллагь вуго нужер БетIергьан, жинца нужее ракь гьабурав нуж чIолеб бакIлъун:** Днялалда ракьалда тIадчIола нуж чIаго ругеб мехалъ, хун хадур гьелъул чохьонирги чIола, ахираталда ГIарасат майданалдаги чIола (махIшаралдаги). **Жинца нужее зобги гьабурав жиб борхатаблъун.** Рукъалъе тIохалда релълъун. **Жинца нужее сипат-суратги гьабурав. Гьеб нужер суратги жинца цIакъ берцинаб гьабурав** жиндир цогидаб махлукъалъул сураталдаса. **Жинца нужее цIакъ гьуинаб, хIалалаб ризкъиги кьурав.** БатIи-батIиял нигIматал кьурав жидер тIагIам, лазат, кьер, махI берцинал. **Гьав вуго нужер БетIергьан Аллагь. Жив вацIцIадав ва жив тIадегIанав вуго кинабго гIаламалъулго БетIергьан Аллагь.**

**65. Жив чIагояв, жиндие хвел гьечIев, жив гурев цоги Аллагь гьечIев вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан. Нужеца гьев Аллагьасе гьабе жиб бацIцIадаб гIибадат ва нужеца гьев Аллагьасе щукру гьабун «АлхIамдулилагьи раббил гIаламина» - абунги абе.**

**66. Дуца гьел мушриказде абе, МухIаммад: «Дида дир БетIергьан Аллагьас лъазабун буго дица лагълъи гьабуге абун Аллагьги тун нужеца жидее лагълъи гьабулел хъанчазе. Дихъе Аллагьасул рахъалъан баянал хIужаби рачIун руго гьев Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялде жидеца тIоритIел гьабулел ва дида амруги гьабун буго дун тIубанго мутIигIлъе абун гьаб кинабго гIаламалъул БетIергьан Аллагьасе».**

==========

Нужеда лъай муъминзаби, хасго гIолохъаби! Гьаб хирияб Къуръан художественнияб тIехь гьечIо жиб цIалун хадуб хъорщода тIадги лъун жинда тIад хIурги чIван букIунеб. Гьаб Къуръан буго тIадегIанав Аллагьасул калам. Гьаб хирияб Къуръан тIадегIанав Аллагьас рещтIине гьабун буго жинда жаниб хъвараб жоялда гIамал гьабизе. Кинабго халкъалъе, кинабго заманаялъ хIакъаб диналде гIадамал тIоритIулеб нурлъунги гьабун буго гьеб Къуръан. Гьаб Къуръаналда жаниб хъвараб жоялда жинца гIамал гьабурав чи гьеб Къуръаналъ ахираталда алжаналде жаниве вачуна ва гьесда цIарги букIуна «Къуръаналъул агьлу» абун. Гьаб Къуръаналде гIамал гьабичIев чи гьелъ жужахIалде жаниве къотIула.




**67. Гьев Аллагь вуго** жиндие гIибадат гьабизе хIакъав БетIергьан **жинца нуж ракьалдаса рижарав. Цинги манидал къатIраялдаса, цинги бетараб бидул къотIелалдаса рижарав. Цинги нуж эбелалъул рахIмоялдаса къватIире рахъизе гьарулев, гьитIинал, щибго жо бажаруларел лъималлъун. Цинги нуж кIудиял гIезе гьарун нужер гIакълуги къуватги камилаб гIужалде рахине гьарулев.** Гьеб буго лъеберго соналдаса кIикъого соналда щвезегIан бугеб гIумру. **Цинги нуж херлъун кIудиял ва загIипал чагIилъунги рукIине гьарулев. Нуждаса цо гIадамал руго жал херлъилелде церего холелги.** Цо гIалимзабаца абуна рахIмоялда жанирго хун къватIире рачIунел абун. **Нуж чIагоги рукIуна Аллагьас нужее цIараб заман тIубазегIан,** нуж холеб гIажал тIаде щвезегIан. **Гьаб нужер рижиялда жанибги Аллагьасул хIалкIолъиялде тIоритIел гьабулел гIаламатал руго, гьел гIаламатал нужее лъазе ва гьезул нужеца вагIза босизе бицунеб буго нужеда гьаб хабарги.**

**68. Гьев Аллагъ вуго нужер БетIергьан жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев. Жиндие цо амру букIине бокьараб мехалъ гьев Аллагьас «Кун» абураб рагIи абула ва гьеб амру букIуна.**

**69. Мун валагьуларищ, МухIаммад, гьел жидеца Аллагьасул аятазда дагIба гьабулел гIадамазда, гьел кин руссун ругел Аллагьасул диналдаса ва гьесул тIоритIелалдаса.**

**70. Жидеца Аллагьасул калам гьереси гьабулел ва дица аварагзаби жиндалъун ритIараб динги гьереси гьабулел. Гьезда нахъа лъазе буго жидер инкаралъул ва гьереси гьариялъул хIасил кин букIунеблъи.**

**7I-72. Жидер гарбазда гудрал ва рахсалги ран жал рехъерхъун бухIараб хIамималда жанир рехулеб мехалъ, цинги жужахIалде жанireги рехулеб мехалъ.**

Ибну Касирица абуна: «ЖужахI хьихьун ругел забаниятаз гьезул габуралда рарал гудразда рухьарал рахсалги ккун гьел цин жужухIалъул цIадаре цIан, цинги гьениса хIамималде жанире цIан гIазаб гьабула гьезие»-абун.

**73-74. Цинги гьездаги абула гьезул ракI бекинабун ва гьел гIодорегIан гьарун: «Кире арал нужеца Аллагьасе гIибадат гьабиялъулъ жидедехун ширк гьабулел рукIарал аллагьзаби?» - абун. Гьез абула: «Гьел жакъа нижедасан къосун руго, нижеда гьел рихьулел гьечIо. Нижеца щибго жоялъе лагъалъи гьабулеб букIинчIо»** - абун. **Гьадин къосине гьарула Аллагьас киналго жинда инкар ккурал гIадамал.** Хадубги гьезда абула:


**75. Гьаб гIазаб нужее буго нужеца ракьалда тIад щибго гIилла гьечIого чIухIи-рецц гьабун букIин сабаблъун. Аллагьасе щукру гьабичIого, нужее бугеб бечелъиялдаса чIухIун, Аллагъ кIочон рукIиналъги.**

**76. Гьанже нуж лъугьа жужахIалъул рагьабахъан жанире даимго гьеб гIазабалъулъ рукIинелъун. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI буго гьеб жужахI жал чIухIарал, жидер гIамал кIудиял гIадамазе.**

**77. Дуца сабру гьабе, МухIаммад! ХIакълъунго Аллагьасул къотIи жиб тIубай хIакъаб буго. Аллагьас дуда бихьун гIазаб гьабизеги бегьила гьезие. Гьезие гIазаб гьабилелде цеве дица мун хвезавуниги; ахираталда киналго диде руссине руго ва** дица щибаб напсалъе гьелъул гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго.

==========

Нилъее гьаб хирияб Къуръаналъ алжаналде рачине бокьун бугони гьаб Къуръан гIемер цIалун, гьелъул магIна ва хIукму бичIчIизе гьабун, цинги гьелда гIамал гьабун хьвадизе ккола. Дун бусурманчи вуго абураб рагIи гIоларо. РекIелъ камилаб иман букIине ккола, гьаб исламияб диналда рекъон гIамалги гьабизе ккола. Дунял тIалаб гьабулев чиясда цебе цо гъурущги нусго гъурущги рехани ва гьесда абуни: «Дуего бокьараб босе» - абун, щибго щаклъи гьечIеб жо буго гьев чияс нусго гъурущалде квер бегьулеблъи.




**78. Дица дудасан цереги гIемерал аварагзаби ритIана. Гьезул цо къукъаялъул къиса дица дуда бицана. Дуда жидер къиса бицинчIеб къукъаги буго. Цониги расуласе ихтияр букIинчIо жал къавмалъе мугIжизат ва гIаламат бачун рачIине Аллагьасул изну букIун гурони. Цо умматалъе гIазаб гьабизе бугеб къотIи тIаде щвараб мехалъ Аллагьас гьезие гIазаб гьабула ва жидеца хIакъаб дин батIул гьабулел гIадамал гьеб бакIалда цIакъ чIорого хутIула.**

**79. Гьев Аллагъ вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав хан, жинца нужее хIайванал рижарав ва гьел квегъарав. Нуж гьезда тIадги**

**рекIунел нуж сапаразде унаго, нужеца гьезул гьан, рахьги кваналел.**

**80. Нужее гьездаса цогиги мунпагIатги буго**: квас-расги, хIан-нахги, цIоко-тIехьги ва гьеб гуребги. **Гьел хIайваназда тIад лъун нужер къайи-матахI нужее хIажатаб бакIалде щвезабула. Ракъдада ругеб мехалъ варанабазда рекIун, ралъадада тIад ругеб мехалъ гумузда рекIунги хьвадула.**

**8I. Гьел сапаразда ругеб мехалъ ва рукъор ругеб мехалъ Аллагьас нужее гIемер батIиял гIаламаталги рихьизе гьарула. Аллагьасул аятаздаса** нужеца жидеда инкар колел **щал аяталха ругел?!**

**82. Гьал Маккаялъул мушрикал жидер сапаразде унарищ ва гьезда бихьуларищ жидеда цере рукIарал мушриказул ахир кин ккарабали?** Гьел Аллагьас гьалаг гьаруна, гьезул росаби ва шагьарал чIунтизе гьаруна. **Гьел гIадамал гьал Маккаялъулаздаса гIемералги рукIана, къуват-гуч бугелги рукIана. Жидеца ракьалда тIад гIемерал асаралги тана:** чIахIиял кIалгIаби тана, шагьарал тана. **Жидеда Аллагьасул гIазаб щвараб мехалъ гьезие щибго кумек гьабичIо жидеца гьабун букIараб гIамалалъ.** Жидер боцIи-малалъги, жидер кIалгIабацаги, щулиял хъулбузги гьезие кумек гьабичIо.

**83. Гьел капурал гIадамазухъе Аллагьасул аварагзаби рачIараб мехалъ баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун, гьел жидерго гIелму-лъаялдаса рохун, чIухIун чIана.** Жидеда лъалеб жо гьезда битIараблъун бихьана Аллагьасул аварагас бицунеб жоялдаса. **Цинги гьездаги рещтIана жидеца гьелда божичIого жиб махсароде гьабулеб букIараб гIзаб.**

**84. Жидеда гIазаб рещтIун гьелъул гуч ва захIмалъи бихьараб мехалъ жидеца абуна: «Нижеца иман лъолеб буго цохIо Аллагьасда ва нижеца инкар кколеб буго нижеца жидее лагълъи гьабулел рукIарал аллагьзабаздаса»-абун.**

**85. Дир гIазаб жидеда бихьараб мехалъ лъураб иманалъ гьезие щибго мунпагIат гьабизе гьечIо. Гьаб буго Аллагьасул нух ва хIукму жиндир лагъзадерие гьабулеб гIадлуялъулъ:** Гьел лагъзадерие гIазаб гьабизе байбихьараб мехалъ гьез гьабураб тавбуялъ ва иман лъеялъ мунпагIат гьабунгутIи. **Гьеб гIазаб гьаби тIаде щвараб мехалъ Аллагьасде инкар ккун рукIарал гIадамал цIакъ чIорого хутIараллъун рукIуна.** Гьез гьабураб кинабго гIамалги гIдада хола, гьезул боцIи-малги гьалаглъула, гьезул лъимал-хъизанги цоцадаса ратIалъула.


Аллагьас цIунаги нилъ гьеб чIорого хутIиялдаса.

==========

Абумуса ал-АшгIари (ра) асхIабасдаса хIадис бицана:

***Аварагас ﷺ абуна: «ТIадегIанав Аллагь (عز وجل) жинца къасси сардилъ квер битIаравлъун вукIуна Жиндир лагъас къад къоялъ гьабураб мунагьалдаса гьабулеб тавбо къабул гьабизе ва къад къоялъ квер битIунги вукIуна Жиндир лагъас къаси сардилъ гьабураб мунагьалъул тавбо къабул гьабизе. Гьаб хIал букIуна бакъ тIерхьудасахун бакъ баккинегIан»*** - абун. ХIадис Муслимица (ра) бицана.

Гьаб хIадисалъ баян гьабулеб буго Аллагьу ТагIала жиндир лагъзедерида кидаго рахIматалдалъун валагьарав вукIин. Ва тавбуялъул рагьо къалареблъиги ахир заманаялъул бищун кIудияб гIаламат загьирлъинегIан–жиб тIерхьулеб рахъалдаса бакъ баккинегIан. Мунагь ккарабго сордо-къоялъул хал гьабичIого тавбо гьабиялда хехлъи гьабизеги ахIулел руго гьаб хIадисалъ.




**Сурату Фуссилат 41.**

**1. ХIа, Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала жиндир мурад гьаб кIиго хIарфалдалъун бугеб.

**2. Гьаб хирияб Къуръан буго жив гурхIулев, жиндир гурхIел-рахIму гIемерав Аллагьас рещтIинабураб гьесул азалияб калам.**

**3. Жиндир аятал баян гьарураб,** жинда жанир дунялалъул ва диналъул маслихIат бицараб, **тIехь буго. ГIараб мацIалда жиб цIалулеб, жидеца пикру гьабулел ва жидер гIелму-гIакълу бугел гIадамазе** жиндир магIна бичIчIунеб.

**4. Аллагьасда иман лъурал муъминзабазда алжаналъул рохел бицунеб буго. Аллагьасдаги гьесул аварагзабаздаги гIасилъарал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун жинца хIинкъи кьолебги буго**. Гьедин бугониги **гIемерисел мушрикал гьеб Къуръаналдаса руссана. Гьезда гьеб рагIулебго гьечIо,**

**5. Къуръаналда гIенеккизе чIухIун гьез абуна: «Гьеб дуца ниж жинда ахIулеб дин нижер ракIазулъе лъугьунаро, гьезда тIад биццатаб хъал буго. Нижер гIундулги гьеб Къуръан рагIиялдаса гIинкъал руго. Дудаги нижедаги гьоркьоб пардав буго, жинца нилъ цоцада ричIчIине толаре6. Дуца дурго гIамал гьабе: дурго дин гьабе ва дуда гIенеккаразе гьебги бице. Ниж нижерго дин гьабулел руго» - абун.**

**6. Дуца гьезда абе, МухIаммад: «Дун вуго нужедаго релълъарав, нужеда гьоркьоса инсан. Аллагьас дида вахIю гьабун буго дица нужеда лъазабе абун нуж киназго жиндие гIибадат гьабизе тIадав Аллагь цохIо Аллагь вуго абун. Нужеца гьев Аллагьасе гIибадат гьабе ва нуж гьев Аллагь цо гьавиялда ритIун чIа, гьесие гьабулеб лъагълъиги куфру-ширкалдаса бацIцIад гьабе. Гьедин Аллагьасе гIибадат бацIцIад гьабичIел мушриказе цIакъ квешаб гIазаб ва къварилъи букIине буго.**

**7. жидер боцIи-малалдаса закатги кьоларел, жидеца ахираталда иман лъечIого гьелда инкарги кколел гIадамал:** гьал гIадамал руго жидее ахираталда гучаб гIазаб букIунел.

Аллагьасдаги ахираталдаги инкар кквеялда хурхине гьабун закат кьунгутIи рехсеялдаса мурад буго: инсанасе жиндирго рухIалдаса хадуб хирияб жо буго гьес данде гьабулеб боцIи-мал. Гьеб боцIи Аллагьасул диналъе гIоло кьолев, гьеб садакъа-хайраталъе кьолев чи жиндир рекIелъ иман бугев чи вукIиналъул гIаламат буго. Жинца паризояб закат кьоларев чи мунапикъ вукIиналда гIагараб буго гьев муъминчи вукIиналдасаги. Гьаб масъала цIакъ бичIчIизе кколеб масъала буго.

ГIемерал бусурбаби руго жидер бечелъи бугел ва гьелдаса паризояб закат ва суннатаб садакъа кьоларел. Гьезул иман цIакъ загIипаб буго, гьел бусурбаби рукIинги жиндилъ щаклъи бугеб амру буго: Исламалъул щуго рукнуялдаса цо рукну буго закат кьей. Гьеб закат кьечIого чIараб мехалъ жинда Аллагь разилъаяв Абубакар асхIабас рагъ бана гьеб кьоларел гIадамазда.

Закат абураб рагIиялъул магIна буго рацIцIалъи абураб. Жиндаса закат бахъараб боцIи-мал жиб хIалалаб, бацIцIадаб букIуна, гьелъул баракатги букIуна, гьеб гIемерлъулебги букIуна. Жиндаса закат кьолареб боцIи кигIан гIемераб бугониги жиндилъ баракат гьечIеб букIуна, жиб балагьалъе батулебги букIуна.


**8. Жидеца Аллагьасда иман лъун, аварагасда нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабулел гIадамал руго жидее ахираталда жиб тIаса унареб, нахъаса къотIуларе6 алжаналъул нигIматал руго гьел.**

**9. Дуца гьел инкарчагIазда ва мушриказда абе, МухIаммад: бичасхIаги нуж инкар кколелищ ругел гьаб дунял жинца кIиго къоялда жаниб бижарав Аллагьасда? Нужеца гьесда данде**

**рачунел руго нужер квералъ гьарурал хъанчал! Гьев Аллагъ вуго гьеб кинабго гIаламалъул БетIергьан.**

**I0.** Гьев Аллагъ вуго **жинца гьаб ракьалда тIад мугIрул гьарурав, жинца гьаб ракьалъулъ баркатги гьабурав, ракьалда бугеб махлукъалъе къваригIунеб ризкъиги жинца бижарав ункъо къоялда жаниб. Жинца дунял бижиналдаса гьикъулев чиясе бугеб битIараб жаваб буго гьеб.**

**II. Цинги гьев БетIергьан Аллагъас зобалазде къасд гьабуна: гьел зобал жинца рижана; ракьалдаса бахъун эхеде борхулеб хIухьелалда релълъун жал рукIарал. Гьал зобалги ракьги бижун тIубараб мехалъ Аллагъас гьезда хитIаб гьабун абуна: «Нуж дир амруялда нахърилълъа, нужеца дие бокьараб ишалъе жаваб гьабе, нуж разилъун, мутIигIлъун, яги нужее бокьун гьечIониги!» - абун. Зобалазги ракьалъги жаваб гьабуна: «Ниж дур амруялда нахърилълъана гьеб амру нижее бокьун ва ниж разилъун» - абун.**




**I2. Аллагъас гьел зобал гьаруна анкьго зоблъун кIиго къоялда жаниб. Щибаб зобалда Аллагъас жиндир амруги вахIю гьабуна. Жинца гьел зобал цIвабзаздалъун берцинги гьаруна. Гьел цIваби жидеца щайтIаби зодоре рахиналдаса нахъе чIвалеллъунги гьаруна. Гьаб рехсараб хIалалъ зобал-ракьл рижи буго БетIергьан Аллагъасул хIукму ва къадар. Жиндир гуч бергьарав, жинда кинабго гIаламалъул хIал ва гьелъие мустахIикъаб жо лъалев вуго гьев Аллагъ.** Гьал аятазда жаниб бицараб зобалги ракьги бижи, гьел анлъго къоялда жанир рижана абураб ргIиги, цинги зобал-ракьазда Аллагъас амру гьабиги: «нуж дир амруялъе мутIигIлъе»-абун гьеб кинабго иш буго тIедегIанав Аллагъас инсанасда лъазе гьаби жиндир гIамалалъулъ гьев инсанасул заман унеб букIин, щибаб ишалъе бихьизе гьабураб ва гьелъие рекъараб гIуж букIин. Аллагъасул заталъе, гьесул амруялъе ва гьесие бокьараб ишалъе щибго заман ва гIуж хIажалъуларо. Гьесие цо амру лъугьине бокьараб мехалъ гьеб амру лъугьуна цохIо «Кун» абураб ргIи абиялдалъун

**I3. Дуца цIалараб Къуръаналдасаги дур дагIваталдасаги гьел капурзаби руссун чIани дуца гьезда абе, МухIаммад, дица нужее хIинкъи кьуна нужее щвезе бугеб гIазабалдалъун. Нужедаса цере рукIарал ГIадилазде ва Самудиязде щвараб гIадаб гIазаб нужедаги щвезе бегьула** нужеца тавбу гьабичIони ва Аллагъ цо гьавун гIибадатги гьабичIони»-абун.

**I4. Гьел къавмаздаги аварагзаби рачIун рукIана жидедаго гьоркьоса жидедаго лъалел гIадамал. Гьел расулаз гьезда киналго рахъаздаса сверун лъугьун гьезие Аллагъасул гIазабалдалъун хIинкъи кьуна. Гьез жидер къавмаздаги абуна: «Нужеца лагълъи гьабуге цохIо Аллагъасе гурони» - абун. Къавмалъ абуна: «Аллагъасе бокьун букIарабани нижеца жиндие лагълъи гьабизе гьес нижеде малаикзаби ритIизе рукIана расулаллъун, нуж ритIизе рукIинчIо. Нижеца гьереси гьабулеб буго нуж расулал руго абураб ргIи ва нужеца ахIулеб диналдаги нижеца инкар кколеб буго» - абун.**

**I5. ГIадилазул къавм абуни цIакъго чIухIун хьвадана ракьалда тIад гьезие жал чIухIизе щибго хIужа-далилги гьечIого. Гьез абуна: «Нижедаса къуватав чи щив вугев?»** - абун. Аллагъас абулеб буго: **«Гьел гIадамазда лъаларищ жинца гьел рижарав Аллагъ вукIин гьездаса жиндир къуват-гуч бергьарав? Гьеб къавм букIана дир аятазда ва мугIжизатазда жидеца инкар кколел.**

**I6. Дие бокьараб мехалъ гьезие гIазаб гьибизе, дица гьезда тIаде кутакаб гьури биччана: жиб квачараб, жиндир квешаб гьаракьги бугеб,** жиб сверсведун пулеб (вихрь). ЦохIо гьеб гьорол гьаракь букIана жинца гIадамал хIинкъун хвезе гьарулеблъун. **Жиндилъ баракат гьечIел къоял рукIана гьеб гьури гьезда тIаде биччарал къоял. Гьеб гьури дица гьезда тIаде биччана гьаб дунялалдаго жал гIодорегIан ва хIакъир гьарулеб гIазаб чIамизе гьабизе. Гьезие ахираталда**


**букIине бугеб гIазаб цIакъго жал инжит гьарулеб буго, гьезие квербакъулев щивго чиги вукIине гьечIо.**

**17. Самудиялги тIоритIана дица хIакъаб диналда, гьезухъе расулги витIун. Амма гьез жидерго куфруялъул беццлъи тIаса бищана иманалъул нуралдаса. Гьеб къавм ккуна жал хIакъир гьарураб гьаракьалъул гIазабалъ. Гьеб гIазабги букIана жидеца гьабураб гIамалалда рекъараб жазаълъун.** Гьез СвалихI авараг гьереси гьавидал, гьесие мугIжизатлъун бугеб вараниги хъведал, Аллагьас гьезие гIазаб гьабуна батIи-батIияб гIазаб цадахъго тIаде биччан. Кутакаб бакъ багIари букIун, хадуб бецIаб накIкI баккана. Гьеб жидее рагIад буго абун ракIалде ккун самудиял гьеб накIкIалде гъоркье руссараб мехалъ гучаб гьаракьги, ракь багъириги лъугьана ва гьеб къавмги хун гIодоб ккун ракьгун жубан тIагIана.

**18. Гьеб гIазабалдаса дица хвасар гьаруна жидеца Аллагьасда иман лъурал, гьесул гIазабалдаса хIинкъарал муъминзаби.** СвалихI аварагги гьесда иман лъурал гIадамалги.

**19. Дуца умматалъе вагIзалъун рехсе, МхIаммад, Аллагьасул тущбаби жужахIалде къотIулеб къо, ГIарасат майданалда гьел киналго дандеги ракIарун.**

**20. Жал ГIарасат майданалде ракIарун хIисаб-мизан гьабизе гьел чIезарураб мехалъ гьезие нугIлъи гьабун кIалъала жидерго бералги, гIундулги, жидер тIомалги. Гьез бицуна дунялалда жидеца гьабураб гIамал.**




**21. Цинги гьел Аллагьасул тущбабаз жидер тIомазда абула: «Нужеца щай нижее заралияб нугIлъи гьабураб?» - абун. Гьел тIомаз абула: «Ниж кIалъазаруна жинца кинабго жо кIалъазабулев Аллагьас. Гьес нуж щибго гьечIеб бакIалдаса тIоцере рижана, Ахираталда нуж киналго тIаде рахъинарун гьев Аллагьасде руссинаризеги руго» - абун.**

**22. Дунялалда нуж рахчараллъун рукIинчIо нужер лугбуздаса. Беразги, гIундузги, тIомазги нужее нугIлъи гьабичIогон рукIине. Киннги нужеда ракIалде кколеб букIана нужеца гьабулеб гIамалалъул гIемерисеб Аллагьасда лъаларин абун.**

**23. Гьеб буго нужер ракIазде кколеб пикру нужер БетIергьан Аллагьасул хIакъалъулъ. Гьеб къабихIаб пикруялъ ккезе гьаруна нуж жужахIалде жанире ва нужги лъугьана цIакъ чIорого хутIарал гIадамаллъун.**

Байзави абулев гIалимас абуна: «Нуж дунялалда ругеб мехалъ нужер къабихIал пишаби гIадамаздаса рахчулел рукIана ва гьезда цере гIодорегIанлъиялдаса хIинкъулел рукIана. Нужеда ракIалдего кколеб букIинчIо нужер лугбузда гьеб къабихIаб гIамал бихьулеб бугин абун ва гьез нужее нугIлъиги гьабилин абун. Гьадин бугелъул муъминчиясда рекъараб буго жиндир кинабго хIалалъулъ жинда ракIалда букIине жиндир гIамалалда тIаде валагьун кидаго хъаравул вукIин ва жинца гьабулеб жо балъго хутIулареблъи.

Гьаб кIиго аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун жинда Аллагь разилъаяв Ибну МасгIудидаса бицана: «КагIба рукъалда аскIор гIодор чIун рукIана кIиго къурайшияв ва цо сакъипияв. Гьел рукIана жидер рекIеелъ иман ва гIелму гьечIел, жидер чахьал тIатIул цIурал мушрикал. Гьезул цояс абуна: «Нужеда ракIалда кколищ Аллагьасда рагIулин нилъеца бицунеб хабар?» - абун. Гьезул цогидас абуна: «Аллагьасда рагIула нилъеца рагIизе гьабун бицараб жо, нилъеца балъго бицараб жо гьесда рагIуларо» - абун. Лъабабилесги абуна: «Гьесие нилъеца рагIизе гьабун бицараб жо рагIулеб батани, балъго гьабун бицараб жоги рагIизе буго» - абун. Цинги Аллагьас гьаб кIиго аят рещтIине гьабуна (22-23 аб. аят).

**24. Гьеб жужахIалда жанир сабру гьабун жал чIаниги** яги жидеца сабро гьабичIого жал зигирданиги **жидер руссунеб бакI цIа буго. Жидеца тавбу гьабун Аллагъ рази гьавизе абун гьел лъугьани гьезие Аллагъ разилъи ва тавбу къабул гьаби букIунаро.**

**25. Гьел мушриказе жидеда релълъарал гьудулзабиги гьарун рукIана. ЩайтIаби ругониги, гIадамал ругониги. Гьез дол мушриказда жидеца гьабулеб гIамал берцинаблъун бихьизе гьабуна. Гьез цебехун гьабураб ва хадуб гьабизесеб гIамал цIакъ лъикIаблъун бихьизе гьабуна**.

Зубадатул тапсиралда абуна: «Гьел мушриказе дунялалъул чIаголъи берцин бихьизе гьабуна ва гьел жидер шагьватазда нахърилълъине гьарун Аллагъасда гIасилъиялда хьвадизе гьаруна. Ахиратги гьезда берцин бихьизе гьабуна ахиратги букIине гьечIо гьениб гIазабги букIине гьечIо абун.


Гьедин щайтIабиги мушрикалги рекъон жидер къабихIаб гIамал берцинаблъун бихьун гьел хьвадидал **гьезие гIазаб гьабизе бугеб хIукмуги хIакъаблъун лъугьана жидеда церехун рукIарал гIадамазулги женазулги жидеда релълъарал куфру-ширкалъул агьлугун цадахъ. Гьел киналго лъугьана дунялалдаги ахираталдаги жал чIорого хутIараллъун.** Дунялалда гьел чIорого хутIана жидеца гьабураб гIамалалъул хIасил гьабизе щвечIого жал гьалаг гьарун. Ахираталда чIорого хутIана жидеца гьабураб гIамалалъул жидее щибго мунпагIат гьечIого.

**26. Капурзабаца абуна: «Нуж гьеб Къуръаналда гIенеккуге, нужеца гьеб цIалулеб мехалъ ахIи-хIур гьабе! Гьедин гьабуни нуж бергьине руго аварагасдаса»** - абун.

**27. БичасхIаги дица гьел капурал гIадамазда чIамизе гьабила цIакъ квешаб гIазаб ва дица гьезие жидер квешаб гIамалалда рекъараб жазаъги гьабичIого теларо.**

**28. Гьеб квешаб гIазаб буго Аллагъасул тущбабазе гьабулеб жужахIалъул гIазаб, гьеб жужахI буго гьезул даимго жаниб чIолеб рукъ. Гьеб жазаъ жидее гьабула жидеца дир аятазда ва дир аварагзабазда инкар кквей сабаблъун.**

**29. Къиямасеб къоялъ жужахIалда жаниса капурзабаз абула: «Я нижер БетIергьан! Дуца нижеда рихьинаре** ва нижеда ццере раче **жидеца ниж къосине гьарурал гIадамалги, женалги. Нижеца гьел нижер хIатIазда гъоркьги лъун мерхьина: гьездаса ццим босизе ва нижер ракIал хIалхьизе. Гьел жужахIалъул тIиналдаги рукIине.**




**30. Жидеца Аллагъасда иман лъурал, «нижер БетIергьан Аллагъ вуго»-абун жидеца абурал, цинги Аллагъасе гIибадат гьабиялда ритIунги чIарал – гьал гIадамазда Аллагъасул рахъалъан малаикзаби рещтIуна ва гьез абула: «Нуж хIинкъуге ва нуж пащманлъуге! Нужее рохел буго алжаналъул нигIматаздалъун. Гьеб алжан буго дунялалда ругеб мехалъ нужее къотIи гьабун букIараб» - абун.**

**3I. Ниж руго нуж дунялалда ругеб мехалъ нужер гьудулзабилъун рукIарал, ахираталдаги ниж нужер гьудулзаби руго (вализаби руго) гьал алжаназда жаниб нужее бокьанщинаб жо буго, нужее гьениб жаниб нужеца тIалаб гьабураб ва нужер напсазе бокьараб жо бачIуна ва кьола.**

**32. Гьел киналго нигIматал нужее руго нилъер БетIергьанас нужее хIадур гьабураб гьоболлъи. Жив гурхIулев, жинца мунагьал рахчулев вуго гьев Аллагъ.** Аллагъасе гIибадат гьабиялда ритIун чIарал абураб рагIи буго гIараб мацIалда бугеб «Истикъамат» абураб рагIиялъул магIна. Гьеб истикъамат абураб рагIиялдаса мурад букIуна унго-унгояб, хIакъикъияб иман лъей ва гьеб иман лъеялда витIун чIей.

Жинда Аллагъ разилъаяв ГIумар асхIабас минбаралде вахун вагIза гьабулеб мехалъ абуна: «Нуж валлагъиги ритIун чIа Аллагъасул нухалда, гьесие мутIигIлъун, цинги нуж царал гIадал пишаби гьарун гьеб нухдаса гьетIаруге!» - абун. ХIасанул Басриясги абулеб букIана: «Я дир БетIергьан Аллагъ!

Мун вуго нижер БетIергьан. Дуца нижее истикъамат кье!» -абун. Аллагьас жиндие истикъамат кьурав чи вуго жиндие бахьи буголъи щварав чи. Гьеб истикъамат жиндие кьурав чи Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъги, гьесул лагъзадерилгун гьабулеб гIамалалъулъги Аллагьасдасан хIинкъарав, гьев разилъи тIалаб гьабулев вукIуна. Гьесдасан хиянат бихьуларо, гьереси ругIуларо, къотIуе хилиплъи букIунаро. Божилъи гьабураб жоялъулъ рекIкIги гьабуларо. Жиндирго напсалдасан Аллагьги аварагги жиндие рокьулев вукIуна. Жиндирго напсалдасан жиндир диналъул вац тIаса вищулев, гьесие лъикIлъи гьабулев вукIуна.

**33. Жиндаса лъикIав чи щивха вукIинев жинца бицунеб ругIиялъул рахъалъан жинца Аллагьасул диналде халкъ ахIулев чиясдаса. Жинца кинабго лъикIаб гIамалги гьабулев ва жинца абулев: «дун вуго Аллагьасе матIигIал, гьесда тIубанго божарал гIадамаздаса»-абун.** Жинца Аллагьасда ахIи букIуна бищунго цебе жиндир лъикIаб гIамалалдалъун, хадуб жиндир ругIиялдалъунги. Гьев чи вукIине ккола живго хIакъаб нухалда тIовитIаравлъун ва гьеб нухалда хьвадулевлъун.


ТIадегIанав Аллагьас лъабго сипат гьабун буго жинца Аллагьасул диналде ахIулев чиясе: жив иман лъун Аллагьасе мутIигIлъарав вукIин, жинца лъикIаб гIамал гьабулев вукIин ва жинца цогидалги гьеб иман лъеялдеги лъикIаб гIамал гьабиялдеги ахIулев вукIин.

**34. ЛъикIаб гIамалги квешаб гIамалги цоцада релъулъун гьечIо, жиб кIиябго бащадги гьечIо. Дуца, жинца квешаб гIамал гьабулев чиясул квешлъи нахъе чIвай лъикIаб гIамалалдалъун. Гьал гIамалал дуца хьвадизаруни дудехун жиндир тущманлъи бугев чи жиндие мун вокьулев дур лъикIав гьудуллъун лъугьине вуго.**

**35. Гьаб берцинаб тIабигIат ва тIадегIанаб макъам щоларо жидеца сабру гьабулел гIадамазе гурони. Гьеб макъам щоларо Аллагьас жиндие тIубараб бахьибуголъи кьурав чиясе гурони.**

**36. Гьаб дуда амру гьабураб хIалалъ лъикIаб гIамалалдалъун квешаб гIамал нахъе чIвазе мун теларо абун, мун ццим бахъиналда вачине абун щайтIан дуда сверун лъугьани, дуца Аллагьасул цIаралдалъун цIуни гьаре гьеб щайтIаналъул квешлъиялдаса. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо ругIулев ва кинабго жо лъалев.**

**37. ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел аятаздасан буго сордоги, къоги, бакъги, моцIги. Нужеца сужда гьабуге бакъалъе ва моцIалъе.** Гьел руго Аллагьас рижарал гьесул махлукъ. **Нужеца сужда гьабе жинца гьел рижарав Аллагьасе. Нуж гьев Аллагьасе гIибадат хас гьабулел ва бацIцIад гьабулел муъминзаби ратании.**




**38. Гьел капурзаби Аллагьасе гIибадат гьабизе чIухIани нужеца гьелъул кIвар гьабуге. Гьеб чIухIиялъул гIазаб гьезие букIине вуго. ХIакълъунго зобалазда ругел малаикзаби Аллагьасе тасбихI-сужда гьабулел руго релъедаги къадги. Гьеб гIибадат гьабизе жал кIвахIаллъуларо ва чIухIуларо.**

Гьаб бакIалда Къуръан цIалиялъул сужда гьабизе суннатаб буго.

**39. Гьев Аллагьасул гIаламатаздаса буго дуда ракь бихьулеб букIин жиб бакъван, жинда тIад хур-хер гьечIого, жиб хIелун, гIодобегIанлъун бугеб гIадин. Цинги дица гьеб ракьалда тIаде цIад рещтIинабураб мехалъ гьеб цIакъ багъа-бачарула, жиб тамахлъун, борхунги бачIуна, жинда тIад херги бижула. Гьаб хвараб ракь жинца чIаго гьабурав Аллагь вуго жинца хварал гIадамалги чIаго гьаризе ругев. Гьев Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолев**, жиндир гьунаргуч бергьарав, жиндие бокьараб жо гьабизе щибго жоялъ жив нахъе чIваларев хан.

**40. Жидеца дир Къуръан хисизе гьабулел гIадамал: гьелъул магIна мекъи гьабун, ругIаби**

**хисизе гьарун, хIукмуялда инкар ккун, гьел гIадамал дидаса балъго хутIуларо.** Дица гьезие гIазаб гьабизе буго. **Жал жужахIалда жанире рехулел гIадамалищ лъикIал ругел, яги Къиямасеб къоялъ жал щибго хIинкъиго гьечIого рукIунел гIадамалищ лъикIал ругел? Нужеца нужеего бокьараб гIамал гьабе, гьев Аллагь вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда лъалев.** Жив нужеда тIаде валагьун вуго, нужгун цадахъги вуго.


**4I. Жидехъе Аллагьасул калам бачIараб мехалъ гьелда инкар кколел гIадамазе цIакъ гучаб гIазаб букIине буго. ХIакълъунго гьаб Къуръан жиндир къадру кIудияб тIехь буго.**

**42. Гьелда тIаде цониги рахъалъан хис-бас ва жиб батIул гьаби бачIунаро.** Гьелдаса щибго жо нукъсан гьабуларо, гьелда тIаде щибго жо цIикIкIизе гьабуларо. **Гьеб Къуръан буго жив веццарав, жиндир хIикмат камилав Аллагьас рещтIине гьабураб калам.**

**43. Дур къавмалъул капурзабаца дуда абулеб жо гьечIо, МухIаммад, дуда цере рукIарал аварагзабазда гьезул къавмаз абураб жо гурони.** Гьезиеги гьабуна дуе гьабураб гIадаб къварилъи. Дуца сабру гьабе, дуе Аллагьас къотIи гьабураб квербакъи букIине буго ва гьел капурзабазе гIазаб гьабизе буго. **ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь вуго жинца муъминзабазул мунагьал рахчулев ва жинда гIасилъарал гIадамазе жинца гIазаб гучаб гьабулевги вуго.**

**44. Дица гьаб тIехь гьабун букIараб ани гIажам мацIалда жиб цIалулеб Къуръанлъун, Маккаялъул мушрикаца абизе букIана: «Гьеб Къуръаналъул аятал нижее нижерго мацIалда баян гьарун рукIарал анищ!» -абун. Цоги гьез абилаан гIарабиязул аварагасда гIажамияб тIехьищ рещтIине гьабулеб абун. Дуца абе, МухIаммад, гьаб Къуръан буго жидеца иман лъурал гIадамазул ракIазе дарулъун ва гьел хIакъаб нухалда тIоритIулеб нурлъунги. Жидеца иман лъоларел гIадамазул гIундул гIинкъал руго гьеб Къуръан жидеда рагIиялдаса, гьезда гьаб Къуръаналъул тIоритIелги бихьулеб гьечIо.** Муъминзабазе гьаб Къуръан нур буго, капурозабазе бецIлъилъун буго. **Гьел капурзаби руго жидеда рикIкIадаса ахIулеб гьаракь рагIулел гIадамазда релъълъун:** Жидеда гьаракь рагIулел, амма ахIулеб жо (рагIи) бичIчIуларел.

**45. БичасхIаги, МухIаммад, дица Муса аварагасухъеги тIехь кьун букIана. Гьаб тIехьалдаги цояз иман лъуна. цогидаз инкар ккуна.** Гьеб дуда рещтIине гьабураб Къуръаналда дур къавмалъ инкар ккуна абун дуца ракI къварид гьабуге! **Дур БетIергьан Аллагьас цебего гьабураб хIукму букIинчIеб ани гьел мушриказе гIазаб ахираталда гьабила абун, гьезие гIазаб гьабун тIубазе гьабилаан дунялалдаго. Гьел капурзаби цIакъ щакдарулел руго гьаб Къуръаналъул амруялъулъ:** Жидер гIакълу дагьаб букIун, ракIалги беццал рукIун.




**46. Жинца лъикIаб гIамал гьабурав чи жиндирго напсалъе лъикIлъи гьабурав чи вуго. Жинца квешлъи гьабурав жиндирго напсалъе квешлъи гьабуравги вуго. Дур БетIергьан гьечIо, МухIаммад, жинца лагъзадерие зулму гьабулевлъун.** Щивасул гIамалалда релъълъараб жазаъ гьабула: квешаб гIамал гьабуразе цохIо зарра гIадаб жоги тIаде цIикIкIизе гьабуларо. ЛъикIаб гIамал гьабуразе гIемерго лъикIлъи цIикIкIизе гьабула.

**47. Къиямасеб къо кида бачIунеб цохIо Аллагьасда лъала. Жиндир тIегьалдаса** (къвачIаялдаса) **къватIибе цохIо пихъил горо бижуларо, цохIо цIуяб жо къинабги лъугьунаро, цохIо тIинчI эбелалъул чохьониса къватIибеги лъугьунаро гьеб кинабго жо Аллагьасда лъалеб букIун гурони. Къиямасеб къоялъ гьел мушриказда ахIараб мехалъ: «Кире арал нужер аллагьзаби, нужеца дидехун ширк гьабун жидее лагьлъи гьабурал»-абун, гьез жаваб гьабула: «Жакъа ниж дуе мукIурлъулел руго, нижер цониги чи гьечIо дуе шарик вуго абулев» - абун.**

**48. Гьел мушриказдаса рикIкIалъула дуяналалда ругеб мехалъ жидее лагьлъи гьабурал хъанчал.**

**Гьезда якъинго лъала гьанже жал гIазабалдаса рорчIунареблъи, жидее лъутизе, рахчизе бакI гьечIеблъиги.**

**49. Жиндир иман гьечIев чи Аллагьасдаса жиндие лъикIлъи гьарун чIалгIунарев вуго**: кигIан гIемер бечелъи, сахлъи, лъимал-хъизан жиндие кьуниги гьев цогиги бугеб анищ абун вукIуна. **Ва амма жинда цодагьабго къварилъи хъатIараб механ гьев инсан жиндир хьул къотIун, сабру хун вукIуна.**

**50. Гьеб къварилъи-заралги тIаса босун хадубги дица гьев чиясе нигIматал кьураб механ гьес абизе буго: «Гьаб буго дир гьунаралдалъун дие щвараб нигIмат»** - абун. Хадубги гьев чияс абизе буго: **«Дида ракIалде кколебго гьечIо Къиямасеб къо букIине бугин абун. Нагагь дун ахираталда Аллагьасде вуссине гьавуни дие гьенибги лъикIлъи букIине буго»** - абун. **БичасхIаги капурзабазда цIакъ рихьинарила жидеца дунялалда гьарурал къабихIал гIамалал, ва БичасхIаги дица гьезда цIакъ гучаб гIазабги чIамизе гьабила!**


**5I. Дица инсанасе нигIматал кьураб механ гьев Аллагьасе щукру гьабиялдаса вуссунев вуго, Аллагьасе мутIигIлъизеги чIухIулев вуго. Цинги гьесда цо къварилъи хъатIараб механ гьесда кинабго чIухIи кIочонеб буго ва жив гIемераб гьари-дугIа гьабизе лъугьунев вуго.**

**52. Дуца мушриказда абе, МухIаммад, гьаб нужеца жиб гьереси гьабулеб Къуръан Аллагьасул калам батани, гьелда нужеца инкарги кколеб бугони, нужер щиб хIалдай букIинеб?** Нуж руго цIакъ квешаб къосиналъулъ ругел гIадамал. **Гьединаб къосиналъулъ вугев чиясдаса квешав щив чиха вукIинев? - абун.**

**53. Дица гьезда рихьинаризе руго гьаб Къуръан хIакъаб калам букIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал: жидеда сверухъ ругел зобал-ракьалъулъ ва гьединго жидерго напсазулги. Гьаб гIаламалъул пикру гьабураб механ гьел гIадамазе тIубанго баянлъизе буго гьаб Къуръан хIакъаб Аллагьасул калам букIин. Гьел мушриказе дур БетIергьан Аллагь гIоларогонищ вугев мун гьесул авараг вукIин жидеда лъазе? Гьев Аллагь вуго гурищ жинда кинабниги жо бихьулев ва лъалев?**

**54. Мун кантIе, я гьав инсан! Гьал мушрикал руго жидеца ахират букIиналда иман лъоларого, гьенир жал жидер БетIергьангун данде чIвазе рукIиналда божуларого. Дуда лъае, я гьав инсан, гьев Аллагь вукIин жиндир гIелмуялдалъун жив кинабго жоялда сверун лъугьарав.**

Аллагьасул тавпикъалдалъун Сурату фуссилаталъул тапсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру тIадегIанав Аллагьасе буго.




**Сурату Щура 42.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жанибкIикъоялда анцIила лъабго аят бугеб.

**I. XIa, мим. 2. ГIайн, Син, Къаф**. ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьал хIарпаздалъун бугеб мурад.

**3. ТIадегIанав Аллагьас дуда гьаб Къуръан вахIю гьабураб гIадин, я МухIаммад, Аллагьас дудаги ва цогидал дудасан цере рукIарал расулаздаги вахIю гьабуна** жиндир рисалат. **Жиндир гуч бергьарав, жиндир пишаялъулъ хIакимияв вуго гьев Аллагь.**

**4. Гьев Аллагьасул мулк буго зобал-ракьги, гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъги. Гьев Аллагь вуго жив тIадегIанав ва кинабго кIодолъи ва ханлъи жиндие бугев.**

**5. Зобал хъвалхьун, тIутIун ине гIагарлъун рукIуна Аллагьасул кIодолъи, тIадегIанлъиялдаса хIинкъун; цоязда тIад цоял ругел гьел зобал. Зобалазда ругел малаикзабиги даимго Аллагьасе тасбихI гьабулел рукIуна гьесие рецц гьабигун цадахъ. Ракьалда тIад ругел муъминзабазул мунагьал чуре абун Аллагьасда гьарулелги рукIуна гьел малаикзаби. Нуж кантIе, я гьал гIадамал, хIакълъунго Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго**.

**6. Жидеца Аллагьги тун, гьесие гьабулеб гIибадатги тун цоги вализаби жидее кколел гIадамал:** Жидеца Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчал ва цогидал жал алагьзабилъун колел: **Гьезул гIамал жинда бихьулев, лъалев, гьеб гIамал хъван, цIунун нахъе толев вуго тIадегIанав Аллагь. Мун гьечIо, МухIаммад, гьезде тIаде тIамурав вакил.** Гьезда хIал гьабун хIакъаб Исламияб дин гьабизабизе. Мун вуго гьезухъе хIакъаб дин щвезабулев расул. Гьез гьабураб гIамалалъул жазаъ жидее букIине буго щибго шаклъи гьечIого.

**7. Дица дуда цере рукIарал аварагзабазде вахIю гьабураб гIадин, дудаги гьаб Къуръан вахIю гьабуна, МухIаммад, жиб гIараб мацIалда цIалулеб тIехьлъун. Дуца гьелдалъун хIинкъи кьезе киналго росабазул аслулъун бугеб Маккаялъул агьлуялъе, гьелда сверун ругел киналго росабазул агьлуялъеги хIинкъи кьезе: дунялалъул киналго рахъазде щун ва кинабго заманаялъ. Къиямасеб къо букIине букIиналдалъунги хIинкъи кьезе. Щибго щаклъи гьечIо гьеб Къиямасеб къо букIиналъулъ. Гьеб къоялъ Аллагьасда иман лъурал гIадамал алжаналде ине руго, Аллагьасде инкар ккурал гIадамал жужахIалде ине руго**. Гьеб кIиго гурони унеб бакI гьечIо, гьелдаса хадуб тIокIаб хис-басги гьечIо. Аллагьасул цIоб-рахIматалдалъун жидер рекIелъ иман букIарал, амма жидер мунагьал сабаблъун жужахIалде рехарал гIадамал къватIире рахъине гьарула, Аллагьасе бокьарабгIан мехалъ жидее гIазаб гьабун хадуб ва гьел алжаналде лъугьине гьарула.


**8. ТIадегIанав Аллагьасе бокьарабани кинабго халкъ цохIо умматлъун гьабилаан**: ЦохIо диналда гьарилаан. Гьебги Исламияб дин буго. Яги кинабго халкъ жал къосараллъун гьарилаан. **Киннги Аллагьас жиндие бокьарал гIадамал жиндир рахIматалъулъе лъугьине гьарула**. Исламияб диналда тIоритIун алжаналде лъугьине гьарула. **Жал Исламияб диналде рачIинчIел зулмучагIазе Аллагьасул гIазабалдасан гьел цIунулев вали вукIунаро ва гьезие квербакъи гьабулев цоги щивго чиги вукIунаро.**

**9. Гьаб амру гьадин бугониги мушриказ Аллагьги тун цоги вализабийщха кколел ругел жидер алагьзабилъун.** Гьез жидее квербакъи гьабила абун, шапагIат гьабила абун. Гьабуларо гьез шапагIат ва квербакъи. **Жив цогояв Аллагь вуго киналго гIадамазул хIакъикъияв вали –** гьесда буго кинабго амруялъул буссин. Гьев вуго жинца муъминзабазе квербакъулевги. **Гьев Аллагь вуго жинца хварал гIадамал чIаго гьарулев** хъанчал ва гьезда релъараб жоялъе кIоларо хварал чIаго гьаризе **ва**

**жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугевги.** Гьединав Аллагьги тун цоги вализаби цIехолел гIадамал ахIмакъзаби рукIин хIакъаб жо буго.

**I0. Нуж жиндилъ хилиплъараб жоялъул хIукму гьаби Аллагьасул Къуръавналде буссинабе** ва гьесул расуласул суннаталдеги буссинабе. **Дуца къавмалда абе, МухIаммад; «гьал ццере рехсарал тIадегIанал сипатал жиндие ругев Аллагь вуго дир БетIергьан. Киналго умуразулъ дир тавакал тIами буго гьев Аллагьасда. Дида тIаде бачIараб кинабго амру буссинабиги гьев Аллагьасде буго» - абун.**

Гьаб рагIи буго мушрикаца Аллагь гурел цоги вализаби кколел ругелъул гьезул рагIи ва гIамал тIубанго мекъаб букIин бичIчIизе гьаби ва хирияв аварагас жиндир кинабго амру цохIо Аллагьасде буссараб букIин бицинги.




**II. Жинца зобалги ракьги бижарав вуго гьев Аллагь. Нужее Аллагьас руччабиги гьаруна нужерго напсаздаса. Гьединго Аллагьас хIайваналги гьаруна бихьинал ва цIуял. Гьелдалъун Аллагьас нужер насло бижинабула ва хIайваналги гIемерлъизе гьарула. Гьев Аллагьасда релълъараб щибго жо гьечIо. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо рагIулев ва кинабго жо жинда бихьулев.**

Гьев Аллагьасда релълъараб жо гьечIо жиндир заталъулъ (черхалъулъ), сипатазулъги, пишабазулъги. Къокъго абуни гьаб нилъеда бихьулеб ва лъалеб махлукъалда Аллагь релълъарав гьечIо. Гьесие жо бихьула нилъер гIадаб бер гьечIого, гьесда рагIула нилъергIадаб гIин гьечIого, гьев кIалъала мацI гьечIого, гьесда лъала нилъер гIадаб ракI ва бетIер гьечIого. Аллагь цо гьави абураб рагIиялъул магIна гьабун гIалимзабаца абуна: Гьев Аллагь вукIин чIезе гьаби буго нилъеда лъалел чурхдузда релъараб черх жиндие гьечIого ва гьесул сипатал рукIинги чIезе гьаби буго нилъеда лъалел лугби гьесие гьечIого.

**I2. Гьев Аллагьасда кодоб буго зобалазулги ракьалъулги ризкъи ва хазина. Гьес жиндие бокьарасе ризкъи гIатIидго кьола, жиндие бокьарасе дагь кьунги тола. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва кинабго жоялъе мустахIикъаб, маслахIат бугеб жо жинца гьабулев.**


**I3. Аллагьас нужее динлъун гьабун буго НухI аварагасе динлъун гьабун букIараб ва дуде вахIю гьабураб дин. Гьединго Ибрагьим аварагасда, Муса, ГIиса аварагасдаги вахIю гьабун букIараб дин. Гьеб киназдаго васият гьабураб ва вахIю гьабураб дин буго нуж Аллагьасул хIакъаб диналда чIа ва нуж къукъаби гьарун гьеб диналъулъ рикьаруге абун Аллагьас абураб дин.**

Киналго аварагзаби жиндалъун ритIараб дин буго Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьаби. Аллагьас амроги гьабун буго гьеб дин цIуне абун ва гьелда жаниб мекъаб, батIулаб, бидгIияб жо лъугьине тоге абунги. **Гьел мушриказда цIакъ захIматлъун бихьун буго МухIаммад, дуца гьел жинда ахIулеб дин.** Жидер алагьзабиги реххун тун цо Аллагьасе лагьлъи гьабизе бокьулеб гьечIо гьезие. **Аллагьас жиндие вакьарав чи вачуна жив разияб диналде ва гьеб диналда жинца тIовитIула жинца иманги лъун, тавбоги гьабун исламалда вачIарав чи.** Гьесие Аллагьас квер бакъи гьабула гьеб исламияб диналда витIун чIезе.

**I4. Гьел гIадамал жидер диналъулъ рикьарачIо жидехъ аварагзабиги ричIун гьез баянал хIужабиги рихьизе гьарун хадур гурони. Гьел рикьариялъе сабабги букIана цоцадехун бугеб хIалхъублъи ва тушманлъи.** Жидехъе расул вачIараб мехалъ цо гIадамаз гьесда иман лъуна ва гьев ритIухъ гьавуна. Цогидал гьесда инкар ккун чIана. Гьесда инкар кквеялъе сабаб букIана гьев расуласдехун хIал хъублъи ва тушманлъи гьаби. Жидер ханлъи, кIодолъи тIаса ине бокьичIого, яги гьев расул жидедаса гIодогIанлъун вихьун гьесда нахърилъ лъине чIухIун. **Аллагьас цебего гьабураб**

**къотIи букIинчIеб ани хIисаб-мизан ва жазаъ ахираталда гьабизе буго абун гьел гIадамазе дунялалдаго гIакъуба-гIазаб гьабилаан. Гьеб Китабияб агьлуялъул хадусел умматалги, жидеца гьеб тIехьалда гIамал гьаби умумузадаса ирсалъе босун бугониги, жидер диналъулъ цIакъ шакдарулел руго.** Жидеца тIобараб иманги лъолеб гьечIо, жидеда гьеб тIехьалъул хIакъикъатги лъалеб гьечIо: Аллагьас рештIине гьабураб хIалалъищ гьеб бугеб, яги хис-бас гьабунищ бугеб.

**I5. Дудаса церехун ругел умматал жидер диналъул амруялъулъ хилиплъун ругелъул дуца гьел киналго ахIе МухIаммад, жиб битIараб, бацIцIадаб исламияб диналда. Гьел Аллагьасул диналда ахIиялъулъ мун витIунги чIа дуда амро гьабураб хIалалъ, мун нахъ вилълъунге гьел муширказе бокьараб жоялда. Дуца абе МухIаммад: «Дица иман лъун буго Аллагьас рештIинарурал киналго тIахьазда ва** гьел жидехъе кьурал расулаздаги. **Аллагьас дида амро гьабун буго дица хIукму битIун гьабе абун** дида аскIор хIукму гьабизе рачIарал гIадамал щиб диналда ругониги. **Цогиги дуца абе МухIаммад: «ТIадегIанав Аллагь вуго нужерги нижерги бетIергьан. Нижеца гьабураб гIамалалъул жазаъ нижее гьабизе буго, нужеца гьабураб гIамалалъул жазаъ нужее гьабизе буго. Нужедаги нижедаги гьоркьоб нилъеца чIезабизе ккараб хIужжа-далилги гьечIо.** ХIакъабги бутIулабги жо Аллагьас батIа гьабун буго ва гьеб загьираб ва жиб баянабги буго. **Нилъ киналго Аллагьас данде гьаризе руго ва нилъер ахирияб руссулеб бакIги Аллагьасул хIукмуялда буго» - абун.**




**I6. Жидеца Аллагьасул диналдаса гIадамал нахъе чIвалел, гьеб дин цо гIадамаз босун бугеб мехалъ гьеб дин гьересиги гьабулел, гьал гIадамазул гIамал гIадада хвараб букIуна ва гьезул хIужжаги Аллагьасда аскIоб батIулаб букIуна. Гьезда Аллагьасул ццим бахъи щола, ахираталда гьезие гучаб гIазабги букIуна.**

**I7. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца гьаб Къурьан рештIинабурав хIакъаб диналдалъун. Жинца битIараб гIадло ва рацIцIалъиги рештIинабурав. Дуда лъаларо я гьав инсан, къиямасеб къо цIакъ гIагарлъун батизиги бегьула.**

**I8. Гьеб къиямасеб къо хехго бачIин тIалаб гьабула гьелда иман лъоларел капурзабаца.** Гьез абула: «Кида гьеб букIине бугеб?»-абун. «Хехго бачун вачIа мун гьеб гIазаб»-ян абула. **Жидеца иман лъурал гIадамал гьеб къиямасеб къоялъул гIазабалдаса хIинкъун рукIуна ва гьезда лъала гьеб гIазаб букIин хIакъаб амро букIин. Мун кантIе, я гьав инсан! Къиямасеб къоялда божичIого гьелъул хIакъалъулъ дагIба-къец гьабулел гIадамал цIакъ рикIкIадаб къосиналъулъ ругел руго.**

**I9. ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадерие лъикIлъи гьабулев, жиндие гьел рокьулев ва гьезда жив гурхIулев вуго. Аллагьас жиндие бокьарав чиясе гIатIидаб, гIемераб ризкъиги кьола. Гьев Аллагь вуго жив гучав, жиндие бокьарб жо бокьухъин гьабизе кIолев. Жив кинабго жоялдаса бергьуневги вуго.**

**20. Жинца ахираталъун лъикIлъи бокьун гIамал гьабулев чиясе дица ахираталъул лъикIлъи цIикIкIине гьабила,** дунялалда гьесие тавпикъги гьабила лъикIаб гIамал гьабизе**. Жиндие дунялалъул боцIи бокьарав чиясе дица гьебги кьола. Амма гьесие ахираталда щибго лъикIлъи букIунаро**. Гьесие цохIого дунял бокьун букIиналъ жив ахиараталда щвараб мехалъ цIакъ мискинав, хъаркIасав чилъун ватула жиндир щибго лъикIаб гIамал гьечIев.

**2I. Гьел муширказе жидеца дин лъалел гIахьал чагIийиш ругел? Аллагьас лъечIеб ва Аллагь жинда рази гьечIеб шаргI лъолел алагьзабийищ ругел гьел муширказул?** ГьечIо гьезие шаргI лъолев чи цохIо Аллагь гурони**. БетIергьан Аллагьасул хIукму букIинчIебани:** жазаъ ахираталда гьабила абураб; **гьел муширказе дунялалдаго гIазаб гьабизе букIана. Жидеца купру-ширкалдалъун напсазе зулму гьабулел гIадамазе ахираталда гучаб гIазаб букIине буго.**

**22. Дуда капурзаби рихьизе руго, я гьав инсан, ахиратада жал цIакъ хIинкъараллъун дунялалда жидеца гьабураб гIамал сабаблъун ва амма гьеб гIазаб гьезие гьабизе букIин хIакъаб амро буго. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал муъминзаби алжаназул ахазулъ рахIаталда, лазаталда рукIине руго. Гьезие Аллагьасда аскIоб жидее бокьанщинал нигIматал руго. Гьаб буго цIакъ кIудияб цIоб рахIмо ва лъикIлъиялда квершел бати.**


==========

Гьаб I5 абилеб аяталъул хIасил буго: хIакъаб жо загьирлъун хадуб гьелда инкар ккун чIарал гIадамазе хIужжа-далил бачиналдаса щибго мунпагIат букIунаро, гьездехун гьабулеб дагIба-къецги щибго хайир гьечIеб, заман гIадада хвезе гьаби ва напсги, хIалги сваказаби букIуна. Гьаб хIалалда ккараб мехалъ муъминзабазе лъикIаб буго кинабго амро Аллагьасда тIамун тей, гьесда таваккал тIамун, гьесда дугIа ва хIели гьабун рукIин.

Гьаб аяталъ бицен гьабулеб заман буго жакъа нилъеда бихьулеб заманги. Кинабго батIулаб жо бергьун буго, гьелъие квер бакъи гьабулел гIадамалги гIемерлъун руго. ХIакъаб диналда жидеца ахIулел, Аллагьасул диналъе квер бакъи гьабизе бокьарал ва гьеб дин гьаб ракьалда букIине гьабиялъе ургъулел муъминзаби рокьалда тIаса тIагIине гьаризе къасд гьабулеб буго. Кинабго кьварилъи ва квешлъи гьезул балагьлъун рикIкIунеб буго. Аллагьас жидеда щим бахъун тIаде риччарал гIазабалги муъминзабазул гIайиблъун толеб буго.

Ва амма нужеда лъае я гьал муъминзаби: «ХIакъаб жоялда чIарал гIадамал кинабго заманаялъ дагьал рукIана, гьезул тушбабиги гIемерал рукIана. ТIадегIанав Аллагьас ритIарал аварагзабазеги гIемераб къварилъи ва гIазаб гьабуна. Гьезда: гьерсихъаби руго нуж, сихIрочагIи руго абуна. Нуж сабаблъун нижее баракат гьечIолъи щолеб бугин нуж нижеца чIвазе ругинги абуна. Гьел аварагзабаца жидеда тIад къараб рисалат умматалъухъе щвезе гьабуна, жиде бачIараб къварилъиялда саброги гьабуна.

**23. Гьал алжаналъул абадиял нигIматал руго ТIадегIанав Аллагьас жинда иман лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе къотIи гьабурал. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад: «Дица нужедасан ужра-мухь тIадаб гьабулеб гьечIо Аллагьасул рисалат нужехъе щвезабунин абун. Дица гьарулеб буго гьаб рисалат щвезабизе дие ква-квал гьабугеян, нилъеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъул хIакъ цIунун» - абун. Жинца лъикIаб гIамал гьабурав чиясе дица ажро цIикIкIинабун кьола. ХIакълъунго Аллагь жинца муъминзабазул мунагьал чурулев вуго, жиндие тIагIат гIибадат гьабурал гIадамазе ажро-кири цIикIкIинабун жинца шукру гьабулевги вуго.**




Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Аллагьас амро гьабулеб буго дуца гьел Къурайшиязда абе абун: «Нилъеда гьоркьоб бугеб гIагарлъиялъул хIакъ цIунун гIаги нужеца дун Аллагьасул рисалат тIубазе те, дие нужеца квер бакъи гьабулеб гьечIони квал-квалгIаги гьабуге абун. Гьаб буго исаламалъул байбихьараб заман. Хадуб гьел Къурайшаца аварагасул дагIват тIибитIулеб бихьидал ва гьесда хадур гIадамалги лъугьиндал цIакъго гьесие кьварилъи гьабизе бай бихьана.

Цинги Аллагьас гьел Къурайшиязе хIинкъи кьолел аятал рештIине гьаруна. Гьаб «гIагарлъиялъул хIакъ цIуне»-абураб рагIиялъе цоги магIна гьабуна гIалимзабаца: Нужеца дир гIагарлъиялъул адаб хIурмат гьабе, гьезие лъикIлъи гьабе ва гьезда нахърилълъа абун. Гьеб магIна гьабиялъе сабабги буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасдаса бицараб сахIихIаб хIадис: «Дица нужее толеб буго кIиго кIудияб амро: Аллагьасул калам Къурьан ва дие хирияб дир агьлоги. Гьеб кIиябго цоцадаса батIалъизе гьечIо къиямасеб къоялъ дица шафагIат

гьабулеб хIавзалда гьелги дунги данделъизегIан»-абун. Хирияв аварагасул агьло бокьи авараг вокьи букIуна, гьесул агьлоялда ццим бахъи аварагасда ццим бахъи букIуна.

**24. Гьел мушириказ абулебищ бугеб: «МухIаммадица жинцаго ургъулеб бугин Къуръан ва Аллагьасда гIунтIинабун гьересиги бицунеб бугин» - абун.** Гьел руго жидеца гьереси бицунел гIадамал. **Мун вукIаравани МухIаммад, дуца гьереси бицунев Аллагьас дур ракIалда тIад мугьруги чIван мун щибго жо бицине кIоларев гьавилаан. Аллагь вуго жинца батIулаб жо хвезабулев,** гьеб тIаса ине гьабулев**. Аллагьас хIакъаб жо чIезеги гьабула жиндир Къуръаналдалъун. Гьев Аллагь вуго жинда лъалев гIадамазул ракIазда бугеб жоги.**

**25. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца лагъзадерил тавбо къабул гьабулев. Жинца гьезул квешал гIамалал тIаса лъугьун толев. Аллагьасда лъала нужеца гьабулеб гIамал.**

**26. Аллагьас жидеца иман лъун лъикIаб гIамал гьабулел муъминзабазул дугIаялъе жаваб гьабула, гьез гьараралда тIадеги цIикIкIинабун лъикIлъи кьола жиндирго цIоб рахIматалдалъун. Жидеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги инкар ккурал гIадамазе жинца унтизе гьабулеб гучаб гIазаб букIине буго.**


**27. Аллагьас жиндир киналго лагъзадерие ризкъи гIатIидго, тIибитIун кьолеб букIараб ани гьел гIадамаз ракьалда пасалъи ва зулму гьабизе букIана. Киниги Аллагьас жиндир ризкъи рештIинабула жиндие бокьараб къадаралъ. Гьев Аллагь вуго жинда лагъзадерил хIал лъалев.**

**28. Гьев БетIергьан Аллагь вуго жинца гIадамазул хьул къотIун хадуб гьезие рахIматалъул цIад рештIинабулев ва гьелдалъун жиндир рахIматги ракьалда тIибитIизе гьабулев. Гьев Аллагь вуго лагъзадерил киналго хIалазул жинца тадбир гьабулев гьезул Вали. Жив вещцаравги вуго** жиндир нигIматаздалъун ва цIоб рахIматалдалъун.

**29. ТIадегIанав Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатаздаса буго Аллагьас зобал ракьал рижи, гьел зобал ракьалда жаниб тIибитIараб рухIчIаголъи бижиги. Гьев Аллагь гьеб кинабго рухI бугеб жо жиндие бокьараб мехалъ данде гьабизе кIолевги вуго.**

**30. Дунялалъул рукъоб нужеда щолеб цо-цо къварилъи буго нужерго гIамалал сабаблъун бугеб. ГIемерисеб нужер мунагь Аллагьас тIаса лъугьунги тола.**

**3I. Нуж Аллагьасдаса рорчIунел, гьесул гIазабалдаса лъутулел гьечIо гьаб ракьалда тIед ругеб мехалъ кир нуж ругониги. Нужее гьев Аллагь гурев цоги вали ва жинца квер бакъи гьабулев чиги гьечIо.**




**32. ТIадегIанав Аллагьасул гIаламатаздаса руго ралъдада тIад хьвадулел мугIрул гIадал кIудиял гуми.**

**33. Гьев Аллагьасе бокьани жинца гьури чIезе гьабила, цинги нужер гуми гьеб ралъадалда тIад чIун хутIила.** Доб мехалъ гуми гьуриялъул кумекалдалъун хьвадулел рукIиналъ бачараб мисал буго гьаб. **Гьаб рехсараб жоялъулъги Аллагьасул хIалкIелъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго жидеца балагьазда сабро гьабулел ва нигIматазда щукру гьабулел муъминзабазе.**

**34. Аллагьасе бокьани гучаб гьуриги бахъун гьеб гама ралъдалъе гьанкъинабизеги бегьула гамида тIад ругел гIадамазул мунагьал ва гIасилъаби сабаблъун. Амма Аллагьас гIемерал мунагьал тIаса лъугьун тола** ва гьел гIадамал гьанкъиялдаса хвасар гьарула.

**35. Ралъад багъаризе гьабун гама гьанкъиялда гIагар гьабула Аллагьас гьев Аллагьасул Къуръаналда инкар кколел гIадамазда лъазе жидее Аллагьасул гIазабалдаса рорчIине бакI гьечIеблъи.** Цинги жидеца Аллагьасда ахIиги базе жал хвасар гьаре абун.

**36. Гьаб дунялалда нужее кьураб боцIи-мал ва цогидаб нигIмат гьеб буго дунялалъул рукъоб букIунеб чIаголъи,** жиб хехго тIаса унеб. **ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб бугеб ажро кири ва гьев разилъи жиб даимго нахъе хутIулеб кIудияб лъикIлъи буго. Гьеб лъиклъи буго жидеца Аллагьасда иманги лъун гьесул расуласда нахъги рилъулъун лъикIаб гIамал гьабулел муъминзабазе, киналго ишазулъ жидеца Аллагьасда таваккалги тIамулел.**


**37. Гьел муъминзабиги руго жал кIудиял мунагьаздаса рикIкIалъун рукIунел, къабихIаб гIамалалги жидеца гьаруларел. Жидер ццим бахъараб мехалъ жидеда Аллагь ракIалда щолел ва жидеца гьеб ццим къулчIун жал тIаса лъугьунел.**

**38. Гьел руго жидеца Аллагьасул ахIиялъе жаваб гьабурал гIадамал.** Жинца дин босун витIарав расул ритIухъ гьавун гьесда мутIигIлъарал. **Жидеца паризояб какги камилго ва Аллагьасе хIелун балел. Жидер кIвар бугеб амруги цоцаде ургъун, данде бан гьабулел. Аллагьас кьураб хIалалаб боцIиялдаса паризояб закат ва суннатаб садакъаги кьолел.**

**39. Жидеда данде рахъун пасикъал, диникъал гIадамаз жидее гIодогIанлъи гьабизе къасд гьабураб мехалъ гьезда данде чIолел ва гьел къезе гьарун гьезда тIад жидеца бергьенлъи босулел.**

**40. Бусурбабазе цо квешлъи гьабураб мехалъ гьелда данде гьабулеб жазаъги гьеб квешлъиялда релълъараб букIуна.** Гьаб буго бусурбабада гьоркьоб бугеб хабар. Бусурбабиги гьезул диналъул тушбабиги цоцаде рагъулеб мехалъ хIал кIварас хIал кIвараб жо гьабизе тIадаб букIуна Аллагьасул диналъе гIоло. **Жиндие гьабураб квешлъи тIаса лъугьун тани жинца гьев чиясулго рекъел маслахIтги гьабуни гьесие кьолеб ажро Аллагьасда тIад буго. Гьебги цIакъ кIудияб ажро ва кири букIуна. Гьев Аллагьасе рокьуларо жидеца зулму гьабулел гIадамал.** Аллагьасул ццим бахъула жидеца зулму гьабизе бай бихьараздаги, гьеб зулмуялда данде жаваб гьабулаго гьелдасанги цIикIараб зулму гьабулездаги.

**4I. Жиндие зулму гьабун хадуб гьелда данде рецIел босарав чиясе щибго мунагь гьечIо ва гьезие гIакъубаги гьабуларо.** ТIадегIанав Аллагьас гьаб анлъго аяталда жаниб (36-4I аятал) муъминзабазул сипатал рицана жидеца иман лъун хадуб гьез хьвадизе гьаризе мустахIикъал. Аллагьасда таваккал тIами буго гьел сипатазул кIвар бугеб сипат. Инсанасул иман камиллъараб мехалъ гьесул таваккалги камилаб букIуна. Хадусеб сипат буго мунагьаздаса рикIкIадаллъун рукIин. Гьаб сипатги иман камиллъун гурони инсанасул тIабигIатлъун букIунаро. Иман загIипаб букIиналъул гIаламат буго мунагьазул кIвар гьабун гутIи, Аллагь гурхIулев вуго абун, дица тавбо гьабила абун инсан хьвади.




**42. Аллагьас гIазаб гьабула щибго гIилла гьечIого жидеца гIадамазе зулму гьабулел, жидеца ракьалда тIад пасалъи ва къосинги загьир гьабулел гIадамазе. Гьал гIадамазе ахираталдаги жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**43. БичасхIаги жинца сабро гьабурав, жив Аллагьасе гIоло тIасаги лъугьарав чи вуго жинца цIакъ кIудияб иш гьабурав чи. Гьеб буго жинда Аллагь разилъулеб гIамал.**

**44. Аллагьас жив къосаравлъун тарав чи хIакъаб нухалда тIовитIулев вали букIунаро, гьесие квер бакъулев Насирги букIунаро. Жидеда къиямасеб къоялъул гIазаб бихьараб мехалъ гьел капурал гIадамал дуда рихьизе руго МухIаммад, жидеца абулеллъун: «Нижее дунялалда руссине нухго гьечIишха» - ян абун.**

**45. Дуда гьел капурзаби рихьила жал жужахIалде раккине (ралагьизе) гьарулел, жалги гьелдаса хIинкъун, гIодоргIанлъун ругеб хIалалъ, жал балъгого гурони гьеб жужахIалде ралагьуларого ругеб хIалалъ. Жидеца иман лъун**

**букIарал гIадамаца гьеб къоялъ абула: «ТIубанго чIорого хутIарал ругоха къиямасеб къоялъ жидер агьлуялдасаги боцIи малалдасаги ратIалъарал гIадамал» - абун. Мун кантIе я гьав инсан! Жидеца купру-ширкалдалъун напсазе зулму гьабурал гIадамал даимаб гIазабалъулъ рукIине руго.**

**46. Аллагьас квер бакъичIого тараб мехалъ гьезие квер бакъизе кIолел вализабиги рукIунаро. Аллагьас къосиялда тарав чиясе жив хIакъаб диналда шолеб нухги букIунаро,** ахираталда алжаналда унеб нухги букIунаро.

**47. Нужеца Аллагьасул (عز وجل) ахIиялъе жаваб гьабе гьесул расуласда нахъ рилълъа жиндир хIинкъи кIудияб жиб лъидаго нахъе чIвазе кIолареб къиямасеб къо бачIинелде цебе. Гьеб къоялъ нуж кIанцIулеб бакI букIине гьечIо хвасарлъи тIалаб гьабун. Нужеда гьеб къоялъ инкар кквезеги кIоларо нужер гIамалазда.** Гьел хъван хIадурун рукIунелъул.

**48. Гьел гIадамал дур рисалат къабул гьабиялдаса руссун чIани дуца ракI къварид гьабуге МухIаммад! Мун гьезда тIад хъаравуллъун тарав гьечIо гьезда дин босизе гьабизе. Дуда тIад бугеб жо буго гьезухъе рисалат щвезаби. Дица инсанасе рахIмат кьураб мехалъ гьев инсан чIухIун хьвадулев вуго.** Дие шукру гьабизеги кIочонеб буго. Жидерго мунагьал сабаблъун жидеда цо къварилъи щвараб мехалъ гьев инсанасда кIочонел руго жиндие церехун кьун рукIарал нигIматал ва гьев цIакъ хьул къотIун лъугьунев вуго, кидаго жив къварилъиялда вукIаравгIадин пашманлъулев вуго. Гьаб буго капурав инсанасул хIал. НигIматазда шукро гьечIолъи ва балагьазда саброи гьечIолъиги.

**49. Зобалазул ва ракьалъул ханлъи цохIо Аллагьасе буго. Гьев Аллагьас жиндие бокьараб жо бижула. Жиндие бокьарал гIадамазе ясал кьола Аллагьас, жиндие бокьаразе васалги кьола.**

**50. Жиндие бокьарал гIадамазе Аллагьас васалги ясалги кьола, жиндие бокьарал лъимерго лъугьунарелги гьарула. Гьев Аллагь вуго жинца гьабулеб жо жинда лъалев ва жиндие бокьарб жо гьабизе жиндир хIал кIолев.**

**5I. Цониги инсанасда Аллагь (عز وجل) кIалъаларо жинца вахIю гьабун гурони, яги жив вихьуларе хIалалъ, пардав гьоркьоб букIун гурони. Яги Аллагьас жиндир малаикзаби ритIула жиндир вахIю босун расуллъун ва гьев малаикас Аллагьасул изнуялдалъун аварагасда лъазабула Аллагьасе бокьараб жо. ХIакълъунго Аллагь (عز وجل) жиндир зат-сипат халкъалъулалдаса тIадегIанав вуго ва жинца гьабулеб ишалъулъ хIакимияв вуго.** Гьесул хIукму-къадар жинда жаниб хIикмат-пайда бугеб букIуна.

Гьаб аяталъ баян гьабуна ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадериде кIалъалеб хIал. Гьеб лъабго батIияб буго.


Цо нух буго Аллагьас илгьам гьаби (ракIалде рехи) яги макъилъ бихьизе гьаби. Гьаб нух буго аварагзабазе ва Аллагьасе рокьарал муъминзабазе, вализабазе бугеб нух. Аварагзабада гьабураб илгьам ва гьезда бихьараб макьу битIараб букIана ва гьелда гIамал гьабизе бегьула. Муъминзабада гьабураб илгьам ва гьезда бихьараб макъу жинда гIамал гьабизе хIужалъун бкIунаро. Гьеб илгьамалда ва макьуялда жаниб шайтIаналъ жиндир хIилла-макро хIалтIизе гьабула. ЦохIо аварагзаби гурони цогидал гIадамал Аллагьас шайтIаналдаса цIунарал, жидер мунагь кколарел гьечIо.

КIиабилеб нух буго Аллагьас жиндир калам рагIизе гьаби живго пардавалда нахъ вукIун жив вихьуларевлъун вукIун. Гьаб буго Муса аварагасда Аллагь кIалъараб нух ва Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда мигIражалъул сордоялъ Аллагь кIалъараб нух.

Лъабабилеб нух буго Аллагьас жиндир вахIю босун малаикзаби ритIи. Гьаб буго киналго аварагзабазе бугеб нух.

**52. Цогидал аварагзабада шаригIат вахIю гьабураб гIадинго дица дуда гьаб Къуръанги вахIю гьабуна МухIаммад ﷺ, жиб дир рахъалъун лагъзадерие рухIлъун бугеб.** Жиндалъун гьел купруялъул хвалидаса чIаголъулеб. **Дуда лъалеб букIинчIо дица вахIю гьабилелде цебе тIехь щиб жо бугеб ва иманлъей кин букIунебги. Дица гьаб Къуръан гьабуна дир лагъзадеридаса дие бокьарал гIадамал жиндалъун тIоритIулеб нурлъун. БичасхIаги мунги вуго МухIаммад, дуца исламияб диналде гIадамал тIоритIулевлъун.**

**53. Аллагьасул битIараб нух буго гьеб исламияб дин, зобалазулги ракьалъулги, гьезда жаниб ва гьоркьоб бугеб жоялъул БетIергьанлъун жив вугев гьев Аллагь. Нужеда лъае, я гьал гIадамал: киналго умуразул (ишазул) руссин цохIо Аллагьасда буго.** ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв аварагасда: «Дуда иман щиб жо бугеб лъалеб букIинчIо»-абун абураб ргIиялъул магIна гьечIо гьев аварагасе Аллагь цо вукIин лъалеб букIинчIин абураб. Аллагьасул свалат салам




лъеяв авараг жинца Аллагь цо гьавулев, гьесие лагълъи гьабулев вукIана жив авараглъун витIилалде цевего. Гьединго жидеца Аллагь цо гьавулеллъун, гьесие лагълъи гьабулеллъун гьаруна Аллагьас цогидал жиндир аварагзабиги жал гьитIинал ругеб къоялдасанго. Гьедин гьечIеб ани гьел аварагзабазул мунагьалги рукIинаан.

**Сурату Зухруфи 43.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб ункъоялда ичIго аят бугеб

**I. XIa. Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIар абиялдалъун бугеб мурад.

**2. Жиб баянаб, жиндир хIукму загьираб, жинца хIакъаб диналда тIоритIулеб Къуръаналдалъун гьедулев вуго Аллагь.**

**3. Дица гьеб Къуръан гьабун буго гIараб мацIалда жиб цIалулеб тIехьлъун: нужеда гьеб Къуръаан бичIине ва нужеца гьелда гIамал гьабизе.** Гьелъул ахIкамал нужеда лъазе. Гьеб Къуръаналъул пасихIлъи ва магIна гъварилъи бихьараб мехалъ гьеб Аллагьасул калам букIинги нужеда лъазе.

**4. Дида аскIоб бугеб лавхIул махIфузалдаги гьеб Къуръан жиндир къадро тIадегIанаб ва жиндир хIикмат гъваридаб буго.** Гьеб Къуръан жиндир къадро кIудияб букIиналъ жинда Къуръан рештIине гьабурав МухIаммад аварагги ва гьесул умматги къадро бугеб букIуна.

**5. Нуж Аллагьасда гIасилъи ва гьереси гIемераб къавм бугин абун дица нужеда расулги витIанчIого тIехьги рештIине гьабичIого телишха? Толаро** Гьедин тараб мехалъ нуж хIайваназда релълъун рукIуна. Дица нужеда расулги витIун, тIехьги рештIине гьабун нуж хIакъаб исламияб диналда ахIула. КигIанго нужеца гьеб хIакъаб жо нахъе чIвалеб бугониги дир гурхIел рахIмоялдалъун дица нужее гьабулеб вагIза насихIат нахъаса къотIизе толаро. ТIадегIанав Аллагьас къого соналъ ахIана гьел мушрикал ва капурал гIадамал хIакъаб диналда. Цересел умматал гIадин гьел гьалагги гьаричIо, гьезул ахирги къотIизе гьабичIо. Гьаб буго Къуръанги гьеб жинда рештIараб умматги хирияб букIиналъе цоги гIаламат.


**6. Дица гIемерал аварагзаби ритIичIишха цересел умматаздаги?**

**7. Гьезухъе авараг вачIанщинахъе жидеца гьев** гьересиги гьавулев вукIана **ва махсародеги гьавулев вукIана.**

**8. Гьаб Маккаялъул агьлуялдаса цIакъго къуватал ва жидер гIасилъи бергьарал гIадамал дица гьалаг гьаруна. Гьезул бицен гьаб Къуръаналда жанибги гьабуна гьаб къавмалъе вагIзалъун букIине.**

**9. Дуца гьел мушриказда гьикъани гьал забалги ракьги лъица бижараб абун, гьез дуе жаваб гьабизе буго: «Гьел рижана жиндир гуч бергьарав, жиндир гIелму камилав Аллагьас» - абун.**

**I0. Гьев Аллагь вуго жинца нужее ракь бусенгIадин рекъезабурав, нуж жинда тIад чIезе санагIат бугеб хIалалъ. Гьеб ракьалда тIад нужее нухалги гьарурав нужер хIажатал тIаразе нуж сапаразде унел.** Гьаб кинабго жо Аллагьас гьабун буго **нужеда лъазе гьаб гIаламалъул БетIергьан жиндир къудрат камилав хан Аллагь вукIин.**




**II. Жинца зодисан цIад рештIинабулевги вуго гьев Аллагь, жиндир къадар хIажалъиялда рекъараб хIалалъ рештIинабун. Гьеб цIадалдалъун дица хвараб ракьги чIаго гьабула. Гьеб хвараб ракь чIаго гьабулеб гIадин ахираталда нуж хабалъан тIадеги рахъинарула.**

**I2. Жинца кинабго жо бижарав вуго гьев Аллагь.** Жидер жинс батIиял, кьер, тIагIам батIиял нигIматал рижарав, нужее берцинлъиялъе гъветI-хер, тIугьдал рижарав. **Нуж тIад рекIун хьвадизе хIайванал рижана, ралъдада тIаде хьвадулел гамулги рижана.**

**I3. Нуж гьел хIайваназда ва гумузда тIад рекIине ва тIад рекIун хIалхьараб мехалъ нужеца Аллагьги гIемер рехсезе ва гьесул нигIматазе шукруги гьабизе. Нужецаги абизе: «Жив ТIадегIанав ва ВацIадав вуго Аллагь, жинца нижее гьаб рекIунеб жо квегъарав. Аллагьас квегъун букIинчIебани нижеда гьелда тIад рекIун хьвадизе кIвезе букIинчIо**

**I4. Ахираталда ниж киналго нижер БетIергьан Аллагьасде руссине руго» - абун.**

**I5. Гьав БетIергьан Аллагьасе гьес бижараб махлукъалдаса гIахьал чагIи гьарулел руго мушрикаца. Гьал гIадамал жидер купруялъулъ рагIа-ракьанде щварал руго.**

**I6. Аллагьас жиндир махлукъалдаса ясалищха жиндиего тIаса рищулел нужее цохIого васалги тун?**

**I7. Нужер цоясе яс гьаюн йиго абун рохел бицараб мехалъ гьесул гьумер чIегIерлъулеб буго, ракI къварилъун ццидал цIун, гьабилесеб жо тIагIунги хутIулев вуго.** ГьадигIанго жиндие рихарал ясал Аллагьасул руго абун кин абулеб гIакъло бугел гIадамаз?

**I8. Жал хIеренго, реэдун, къачIа-кIатIан кIудиял гIезарулел ва жидер напс цIунизе гIакълоги, гьунарги гIоларел ясал ругин Аллагьасул абунищ нужеца абулеб?.**

**I9. Аллагьасул лагъзаллъун ругел малаикзабиги ясал руго абулеб буго гьел мушриказ. Аллагьас гьел малаикзаби рижулеб мехалъ гьеб бакIалда рукIанищха гьал мушрикал, жидеда гьел бихьиналищ ругел яги цIуялищ ругел лъазе? Аллагьас жиндир малаикзабада амру гьабула гьаб гьересияб нугIлъи хъвай абун ва ахираталда гьеб нугIлъи щай жидеца гьабулеб букIараб абун гьезда кIал гьикъиги гьабизе буго.**

**20. Гьел мушрикаца абулеб буго: «Аллагьасе бокьун букIараб ани нижеца хъанчазе лагъалъи гьабичIого букIине, нижеца гьеб лагъалъи гьабизе букIинчIо»-абун.** Аллагьасе бокьун буго нижеца хъанчазе лагъалъи гьаби, гурони гьес ниж гьеб лагъалъи гьабизе толароан абураб магIна буго гьаб рагIиялъул. Гьаб буго батIулаб рагIи. Аллагьас гьел хъанчазе лагъалъи гьабизе рижичIо, гьезие лагъалъи гьабе абун амроги гьабичIо, хIал гьабун гьеб лагъалъи гьабизеги тIамичIо. Жидеца Аллагьасе лагъалъи гьабулеб букIараб ани гьеб лагъалъи гьабизеги толаан Аллагьас гьел. **Жидее щибго гIелму ва гIилла-хIужжа гьечIеб рагIи буго мушриказул гьаб рагIи.** Гьел гIадамал руго жидеца гьереси бицунел ва щиб рагIи абунги Аллагьасе нукъсанлъи бачIунеб жо бицунел.


**2I. Гьал мушриказухъе гьаб къуръаналдаса цебе цоги тIехьишха кьун букIараб, жидеца гьелда гIамал гьабизе!** Гьаб жидеца гьабулеб къабихIаб гIамал гьеб тIехьалда нахърилъун гьабулеб бугин абизе БукIинчIо гьезда тIехь рештIине гьабун.

**22. Гьез абулеб буго: «Нижеда нижер умумул ратана гьаб диналда ва ниж гьезда нахърилъун, гьезул нухалда унел руго» - абун.**

==========

Аллагьасе ва аварагасе мутIигIлъиялъул гIаламат буго щибаб къойилго щуго нухалъ балеб паризаяб как жиндир гIужда бай, гьеб жамагIатгун цадахъ бай ва гьеб как Аллагьасе хIелун, жиндир рукугI

сужда камил гьабун, жиндир пикру-тадбир гьабун бай. Гьеб как балеб гIужалъги инсанас пикру гьабизе ккела жив Аллагьасда цеве вахъун чIун, гьесдехун хитIаб гьабулев вукIиналъул. Инсан кидаго Аллагьасда ццеве эхетун чIарав вуго, гьесул кинабго хIал Аллагьасда лъалеб, бихьулеб буго, амма инсанасда гьаб амро кIочон букIуна. Жинца как балеб гIужалъгIаги гьаб амро ракIалда чIезе гьабуни Иншааллагьу гьев лагъ Аллагь ракIалда чIолев, гьесул пикру гьабулев лъугьина.




**23. Гьадинго дица цониги авараг витIичIо ццересел росабазул агьлоялда, гьеб агьлуялъул церехъабаз абун гурони: нижеда нижер умумул ратана гьаб диналда, нижги гьезда нахърилъльун ругоян абун.**

**24. Гьезда аварагас абулеб букIана: «Дун нужехъе хIакъаб, битIараб дин босун вачIун вугониги чIезе ругишха нуж нужер умумузул диналда» - абун. Гьел къавмазул церехъабаца абуна: «Нижеца инкар кколеб буго** нужедаги, **нуж жиндалъун ритIараб диналдаги» - абун.**

**25. Дица гьел капурал гIадамаздаса ццим босана ва гьел гьалаг гьаруна. Мун валагье ва дуца пикру гьабе я гьав инсан, кинаб ахирдай букIана жидеца Аллагьги гьесул аварагги гьереси гьавураб къавмалъул абун.**

**26. Дуца умматалда бице МухIаммад, Ибрагьим аварагас жиндир инсуда ва къавмалда абураб гIуж: «Дун вацIадав вуго ва рикIкIадав вуго нужеца жидее лагъалъи гьабулел хъанчаздаса.**

**27. Жинца дун вижарав Аллагьасе гьабула дица гIибадат, гьев Аллагьас дун хIакъаб диналда тIовитIула ва абадияб бахьи буголъиялдаги тIовитIула» - абун.**

**28. Ибрагьим аварагасул Аллагь цо гьавун абураб гьаб рагIи нахъе хутIана гьесда хадусел киналго умматазулъ.** Гьеб рагIи нахъе хутIулеб буго **жидеца купру-ширк гьабулел гIадамазда гьеб рагIине** ва гьелъул вагIза лъугьун, пикру гьабун, жидеца гьеб купру-ширк тезе, **жалги иманалда рачIине.**

**29. Дица гьаб Маккаялъул агьлуялъе ва гьезул умумузеги нигIматал кьуна, гIумруги халат гьабуна. Цинги гьезухъе дир хIакъаб калам Къуръан бачIана ва жинца хIакъаб диналда гьел ахIулев,** гьезда жив лъалев, гьезул мацIги бичIчIунев, жиндие мугIжизаталги ругев, **расулги вачIана.**

**30. Гьеб хIакъаб Къуръан жидехъе бачIараб мехалъ гьез абуна: «Гьаб жо сихIро буго ва нижеца гьелда инкар кколеб буго» - абун.**

**3I. Жегиги мушрикаца абуна: «Гьаб Къуръан рештIине гьабун букIарабани Маккаялъул яги тIаипалъул бечедав ва къадро бугев чиясда»-абун.** Маккаялъул ханлъун вугев Алвалид бинул Мугъиратида, яги тIаифалъул ханлъун вугев ГIурват бину МасгIудида. Цинги нижеца гьелда иман лъезе букIана. Гьез рикIкIадаб жолъун гьабуна жидеда гьоркьов вугев ятим МухIаммадида Къуръан рештIине гьаби. Гьезул пикруялда рекъон дунялалъул ханлъи ва бечелъи бугел гIадамал ритIизе кколел руго аварагзабилъунги.


Гьезул рагIи хвезабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**32. Гьел мушрикалиш ругел МухIаммад, дур БетIергьан Аллагьасул рахIмат жидеца бикьулел гIадамал?** Жидехъе витIулев авараг щив вукIине кколев, ва щиб росолъан вукIине кколев гьезул ихтияралдайищ бугеб? ГьечIо гьеб амро гьезда кодоб. **Дица гьезда гьоркьоб магIишат бикьун буго гьаб дунялалъул чIаголъиялда гьел ругебгIан мехалъ. Дица гьезул цоял цогидаздаса тIадегIанал, бечедалги гьарун руго, цо гIадамал цогидал гIадамазе хъулухъ гьабулел, гьезие халтIи гьабулел рукIине.** Киналго бечедал рукIаралани гьезие хIалтIи гьабулев чи вукIинароан, киналго ханзаби рукIаралани гьезул рагIиятги букIинароан. Гьедин бугелъул гьаб дунялалъул рукъ буго цо гIадамал цогидазе хъулухъалъе рижараб.

Ва амма Аллагьасда аскIоб инсан хирияв вукIин гьесул бечелъи-ханлъиялда бараб гьечIо. Гьеб бараб буго инсан Аллагь лъалев, Аллагь вакьарав, гьев разилъи тIалаб гьабулев вукIиналда. Гьединав инсан гьавула Аллагьас хираги, тIокIги. Гьесие кьола авараглъиги, гIелмуги, гIакълоги. Гьев вукIула дунялалдаги ахираталдаги жиндир бахьи бугевлъун, жиндир лъикIлъиялда квершел батаравлъун. Гьаб амру гьедин букIин баян гьабун Аллагьас абулеб буго:

**Аллагьас дуе гьабураб рахIмат лъикIаб буго МухIаммад, гьел мушрикаца жиб данде гьабулеб дунялалъул боцIи-малалдаса.** Гьеб рахIматги авараглъи кьей буго, ахираталдаги шапагIат гьабизе изну кьейги буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг кинабниги гIаламалъего рахIматлъун витIарав авараг вуго. Гьеб тасдикъ гьабун Къуръаналъул аятги бачIана (сурату Анбияь I07 аб. аят). Гьав хирияв авараг жиндие рахIмат гьабурав ва жив цогидазе рахIматлъун гьавуравги вуго.

**33. Киналго гIадамал купру-ширкалда чIелилан гуребани, дица гьел капурал гIадамазе гIемераб бечелъи-хазина кьелаан, гьезул минабазда тIад ругел тIохалги гIарацол гьарилаан, гьел тIохозда рахунел малалги гIарцол гьарилаан.**




**34. Гьезул рукъзабазул рагьабиги, гьел тIад гIодор чIолел тахалги гIарцол гьарилаан.**

**35. Цогиги гIарац меседалъ къачIарал къедал, гордал гьарилаан, дарай зарбалалъул босен-ретIелги гьабилаан. Гьеб кинабго жо гьечIо дунялалъул матагI гурони: жиб даимаб гуреб, жиб хехго тIаса унеб.** Жиндилъ абадиял нигIматалги, рахIат-лазатги бугеб **ахират дур БетIергьан Аллагьас жиндаса хIинкъарал муъминзабазе хIадурун буго.** Гьеб ахираталда Аллагьасда инкар ккураб, гьесда гIасилъараб халкъалъе щибго лъикIлъи гьечIо.

Гьаб лъабго аяталда жаниб бицараб жоялъул хIасил буго: гьаб дунялги, гьелъул бечелъи-хазинаги Аллагьасда аскIоб жиндир щибго къимат-къадро гьечIеб жо букIин. Гьедин бугелъул Аллагьас гьеб дунялалъул боцIи-мал жинда гIасиял гIадамазеги кьола. Гьаб дунялалъул бечелъи жиндие кьуравги, гьеб кьечIевги чи Аллагьасе щибго батIалъи гьечIо, гьел киналго гьесул лагъзал руго. Аллагь валагьулеб бакI буго жиндир лагъасда жив лъалев вугодай ва жиндаса гьев хIинкъулев вугодай абун. Гьеб буго Аллагьас жиндир лагъ жинда гIагар гьавулеб бакI. Гьеб Аллагь лъаялдалъун буго абадияб ахираталда инсанасе алжан щвейги.

**36. Аллагь рехсеялдаса, гьесул Къуръан цIалиялдаса жив беццлъарав, гъапуллъарав чиясе дица гьесда цадахъ даимго букIунеб шайтIан гьабула жинца гьев кидаго вас-васазда, гъаплатазда чIезавулеб. Гьеб шайтIан гьесул гьудуллъун букIине буго, жиб кидаго гьесдаса батIалъуляреб.**

**37. Гьел шайтIабаца гьал капурзаби хIакъаб диналдаса руссинарула ва гьел капурзабада ракIалда ккола жал битIараб нухалда ва хIакъаб диналда ругин абун.**

**38. Гьев капурчи къиямасеб къоялъ жиндир гьудул щайтIангун цадахъ дида ццеве вачIараб мехалъ ва жиндие хIадурун бугеб гIазабги бихьараб мехалъ гьес абула: «Вай аман Аллагь! Дудаги дидаги гьоркьоб бакъ баккудаги бакъ тIерхьудаги гьоркьоб бугеб гIадаб рикIкIалъи букIараб ани. ЦIакъ квешаб гьудул букIун бугоха мун» - абун.**

**39. Жакъа пашманлъиялъ нужее шибго кумек гьабуларо, дунялалда нужеца напсазе зулму гьабун букIун хадуб. Жакъа нуж киналго: жал къосаралги, жидеца къосинаруралги, жужахIалъул гIазабалъулъ цадахъ рукIине руго.**

Дунялалъул рукъоб жидеда къварилъи щварал цогиги гIадамал рихьараб мехалъ жинда къварилъи щварав чиясе дагьаб бугониги бигьалъи бачIуна, саброги цIикIкIуна. Амма ахираталда жужахIалда жанир ругел гIадамазе щибго бигьалъи ва ракI хIалхьей бачIунаро жалгун цадахъ цогиги капурзабазе

гьабулеб гIазабалда балагьун. ЦIакъго захIматаб букIуна гьеб гIазаб, цогидазул пикру гьабизе регIел букIунаро.

**40. Дуда кIолищ МухIаммад, гьал капурал гIадамазда хIакъаб жо рагIизе гьабизе, гьел гIинкъаллъун чIараб мехалъ. Яги дуда кIолищ беццавлъун чIарав капурчи битIараб нухалда вачине, жив загьираб ва баянаб къосиналъулъ вугев чи хIакъаб диналда вачинеги.** Дуда гьеб кIоларо МухIаммад! Гьедин бугелъул дуца ракI къварид гьабуге гьел капурзабаца дур рагIи къабул гьабичIин абун.

**4I. Дица мун хвезе гьавуниги МухIаммад, гьел муширказдаса цIим босизе буго ва гьезие гIазаб гьабизе буго.**

**42. Мун чIаго вукIун дуда бихьинабунги гьабизе бегьула дица гьезие къотIи гьабураб гIазаб. Дун хIал кIолев вуго гьел капурзабазе гьезул гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе.**


**43. Мун тIад чIа МухIаммад, дуда вахIю гьабураб диналда ва гьеб диналда халкъ ахIиялда. Мун битIараб нухалда вуго ва хIакъаб диналдаги вуго.**

**44. Гьаб хирияб Къуръан дуеги дур къавмалъеги кIудияб роххел ва хиралъи буго. Нужеда ахираталда гьикъизеги буго гьаб нигIматалда нужеца шукру гьабунадай абун.**

**45. Дуца гьикъе МухIаммад, дудаса цере ритIарал расулазул цониги расул вугодай абун цохIо Аллагьасе гурони цоги щиб бугониги жоялъе гIибадат гьабиялда умматал ахIизе жал ритIарал абун.**

**46. ХIакълъунго дица Муса авараг витIана дир хIужжабаздалъун ва баянал мугIжизаталгун пиргIавнида ва гьесул къавмалда. Гьев Мусаца абуна: «Дун вуго кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагьасул расул» - абун.**

**47. Гьев Муса дир хIужжабигун вачIараб мехалъ пиргIавнги гьесул къавмги Мусаде тIад релъанхъулел рукIана.**




**48. Дица гьезда цоялдаса цояб кIудиял гIемерал мугIжизатал рихьинаруна. Гьез иман лъечIеб мехалъ дица гьезие батIи-батIияб гIазаб гьабуна гьел жидер купру-ширкалдаса руссине бокьун.** ТIупан тIун цIад базабуна. Къоркъал, нацIцI, гарцI тIад биччана.

**49. Жидеда тIаде гIазаб бачIараб мехалъ гьез абуна: «Я гьав сихIрочи! Дуца ахIе дурго Аллагьасда нижедаса гьаб гIазаб борхеян, гьес дуе къотIи гьабун бугелъул дур дугIаялъе жаваб гьабилин абун. Гьаб гIазаб борхани ниж дуда нахърилълъине ругин» - абун.**

**50. Дица гьездаса гIазаб борхараб мехалъ гьел цIидасан жидерго купру-ширкалде унел рукIана.**

**5I. ПиргIавница жиндир къавмалда ахIана: «Я дир къавм! Гьаб Мисриялъул ханлъи дие гьечIищ? Гьал гIоралги дир гьечIищ дир кIалгIабазда гьоркьан хьвадулел ругел? Нужеда гьаб дир ханлъиялъул гуч бихьулеб гьечIищ?**

**52. Дун гIемерго лъикIав вуго нуж дида мутIигIлъизе ва дие лагълъи гьабизе гьав гIодовегIанав Мусадаса. Гьелде тIадеги гьав берцинго кIалъазе кIолоревги вуго.**

**53. Гьев расул вукIин лъазе гьесда тIаде меседил курхьиналгIаги реххун рукIаралани Аллагьас. Яги гьев ритIухъ гьавизе гьесда цадахъ малаикзаби рачIун рукIаралани, гьесда сверун лъугьун гьесие хъулухъ гьабизе - абун.**

**54. Гьаб хабарги бицун пиргIавница жиндир къавмалъул гIакъло ине гьабуна ва гьел пиргIание мутIигIлъана. Гьел рукIана Аллагьасе лагълъи гьабулареб, гьев жидер БетIергьан вукIин лъалареб къавм.**

**55. Гьеб пиргIавнил къавмалъ иман лъечIеб мехалъ, дир аварагасе мутIигIлъичIого жидеца дир ццимги бахъинабураб мехалъ, дица гьездаса ццим босана ва гьезие гучаб гIазаб гьабуна. Дица гьел киналго ралъдалъ гьанкъизаруна.**

**56. Дица пиргIавнил къавм гьаруна хадусел умматазул капурал гIадамазе жидеца гьел жужахIалъур рачунел ццерехъабилъун. Жидеца иман лъурал къавмазе вагIза-насихIатлъунги гьаруна.**

**57. Марьямил вас ГIиса аварагасул мисал Къуръаналда жаниб рехсараб мехалъ** гьесиеги жиндир къавмалъ лагълъи гьабуна абун, **гьеб дур къавм роххун, гьаракь борхун лъугьунел руго,** жидеца гьабулеб ширк цогидазги гьабун букIиналъ.

Гьаб аят рештIинбиялъе сабаб бицана: Аллагьасул свалат салам лъеяа аварагас: «Нужги, нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги жужахI боркьунеб гамачI буго»-абун абураб аят цIалараб мехалъ Ибну ЗабагIри абулев мушрикас абуна: «Гьаб аят нижее ва нижер алагьзабазейищ бугеб яги киналго уммутазейищ бугеб»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Гьаб нужееги, нужер алагьзабазеги, киналго умматазеги буго»-абун. Ибну ЗабагIрица абуна: «Гьаб кагIба рукъалъул БетIергьанасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун, мун дица къезе гьавула гьаб дагIбаялъулъ! Насранияца ГIиса аварагасе лагълъи гьабуна гурищ? Ягьудияз ГIузайрие лагълъи гьабуна гурищ? БанумулахI абулел гIадамаз малаикзабазе лагълъи гьабуна гурищ! Гьел киналго жужахIалда рукIине ратани нижги рази руго гьелгун цадахъ гьенир рукIине»-абун.

Цинги авараг вуцIцIун чIана Аллагьасул вахIю бачIиналда валагьун. Гьел муширказда ракIалда ккана Ибну ЗабагIрица авараг къезе гьавунин абун ва гьел кеп щун релъанхъана, ва гьезул роххун гьаракь-хъуй борхана. Цинги Аллагьас гьаб аят рештIине гьабуна: «Дир рахъалъан жидее лъикIлъи къотIи гьабурал гIадамал гьеб жужахIалдаса рикIкIад гьарурал руго»-абун. Ай: ГIиса аварагасе, ГIузайрие ва малаикзабазе цо къавмалъ лагълъи гьаби гьезул гIайиб гьечIо, гьезие гьелъул щибго заралги гьечIо. Гьез амро гьабун гьечIо дол гIадамазда жидее лагълъи гьабе абун. Гьедин бугелъул гьазда жужахIалъул гIазаб швезе гьечIо.

**58. Гьел мушрикаца абуна: «Нижер алагьзабийищ лъикIал ругел яги ГIисайищ лъикIав вугев? абун.** Гьев ГIиса жужахIалда вукIине ватани нижги, нижер алагьзабиги рукIине бегьила гьеб жужахIалда абураб магIна. **Гьаб рагIи гьез абулеб буго мун махсароде гьавун, дуда къецандун. Гьел битIараб жо къваригIарал гьечIо. Гьел руго дагIба гьабизе къваригIарал гIадамал.**


**59. Гьев ГIисаи гьечIо дица жиндие нигIмат кьурав дир лагъ гурони.** Гьев алагь гьечIо, Аллагьасул васги гьечIо. **Дица гьев гьавуна Бануисраилазе мисаллъун ва гIаламатлъун, жинца дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулеб.** Дица гьев вижана эменги гьечIого.

**60. Дие бокьун букIарабани дица нужер бакIалда гьаб ракьалда тIад малаикзаби гьарилаан, нужги нахъе рачун жал халипалъун рукIунел.**

**6I. Гьев ГIиса авараг дица гьавизе вуго къиямасеб къо гIагарлъиялъе гIаламатлъун.** Гьев зодиса рештIине вуго къиямасеб къо чIезе дагьабго заман хутIидал. **Нуж гьеб къиямасеб къоялъул амруялъулъ шакдаруге!** Гьеб жиб бачIин хIакъаб къо буго. **Дуца абе МухIаммад: «Нуж дида нахърилъа! Дица нуж жинда ахIулеб жо хIакъаб дин буго ва битIараб исламияб нухги буго.**

**62. Нуж шайтIаналъе гуккизе чIоге ва гьелъ хIакъаб диналдаса руссине гьариялдасан цIуне. Гьеб шайтIан буго нужер баянаб ва загьираб тушман»-абун.** Гьелъ рахъизе гьаруна нужер умумул Адамги ХIаваги алжаналдаса къватIире.

**63. Жиндир къавмалъухъе ГIиса авараг вачIараб мехалъ баянал хIужжабигун: мугIжизаталгун ва шаргIиял хIукмабигун. ГIисаца абуна: «Дун**



**нужехъе вачIун вуго Аллагьасул рахъалъан расуллъун ва нуж битIараб диналда тIоритIулеб гIелмугун. Нуж жиндилъ хилиплъарал цо-цо масъалаби нужее баян гьаризеги.** Аварагзабаца диниял масъалаби баян гьарула, дунялалъул амру кинабго гьез баян гьабуларо жинда хIажатаб, жо гурони. **Нуж Аллагьасда гIасилъизе хIинкъа ва дида мутIигIлъе»-абун.**

**64. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго дирги нужерги ва кинабго гIаламалъул БетIергьан. Нужеца гьев Аллагьасе гьабе гIибадат. Гьаб Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьаби буго битIараб нух ва хIакъаб дин. Гьаб дин буго Аллагь жинда разияб, жиб гьабурасе алжанал щолеб» - абун.**

**65. Гьел Насраниял ГIисал хIакъалъулъ чанго къукъаялде рикьана.** Цо къукъа буго гьев «ГIабдуллагьи ва расулугьу» вуго абулеб. Гьаб къукъа буго хIакъаб диналда бугеб. Цо къукъаялъ гьев Аллагь вуго абуна, цогияз Аллагьасул вас вуго абуна. Аллагь ТIадегIанав вуго гьел мушрикаца абулеб ргIиялдаса. **Квешаб жужахIалъул гIазаб букIине буго купру-ширкалдалъун жидеца напсазе зулму гьабулел гIадамазе.**

**66. Гьел Аллагьасда инкар ккурал гIадамазе къиямасеб къо бачIин гуреб хутIараб жо гьечIо. Гьеб жидее бачIине буго тохлъукьего,** бищунго жал гьеб бачIиналда балагьун гьечIеб гIужалъ, **жидеда гьеб бачIунеблъиги лъазе гьечIо.**


**67. Гьеб къиямасеб къоялъ дунялалда бищунго цоцазе рокьарал гьудулзабилъун рукIарал гIадамал цоцазе тушбабилъун рукIуна. ЦохIо Аллагьасе гIоло цоцае рокьарал Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзаби рукIуна гьеб къоялъ цоцазе гьудулзаби.**

**68. Гьел муъминзабада абула: «Я дир лагъзал! Жакъа нужее щибго хIинкъи гьечIо ва нужее тIокIаб хадуб пашманлъиги букIине гьечIо» - абун.**

**69. Гьел руго жидеца дир Къурьаналда иман лъурал ва жал дие тIубанго мутIигIлъун рукIарал гIадамал.** Гьезда абула:

**70. Нуж алжаназда жанире лъугьа нужер руччабигун цадахъ цIакъ роххараллъун ва нужее нигIматал кьураллъун.**

**7I. Гьезда тIаде алжаналъул гьилманал (хъулухъалъе ругел лъимал) хьвадула меседил тепсиги налбекIалги росун** (поднос ва бакалал). Щиб жо бокьаниги гьеб гьекъолеб жо жидее кьола. **Гьел алжаназда жаниб напсалъе бокьараб щинаб жо буго, гьезул бер боххулеб щинаб жоги буго. Нуж гьал алжаназа жанир даимго рукIине руго.** Гьаб буго бищунго кIудияб рохел! Инсан ругьунав вуго цин кодоб щун цинги кодосан ун букIулеб дунялалъул ризкъиялда. Абудияб, даимаб ризкъи ва нигIмат ахираталда муъминзабазе къотIи гьабураб рохел буго.




**72. Гьал алжанал руго Аллагьас нужее ирсалъе кьурал, нужеца дунялалда дагьабго заманаялъ Аллагьасда иман лъун лъикIаб гIамал гьабиялда данде жазаълъун.**

**73. Нужее гьениб жаниб гIемер батIи-батIияб пихъги буго.** Нужеца гьелдаса бокьараб жо кваназе алжаналъул гъутIби кидаго жидеда тIад баршараб пихъ бугел рукIула, гьелдаса пихъ тIурабго гьеб бакIалда цоги пихъ бижула. Гьединал руго алжаналъул цогидал нигIматалги: жидее нукъсанлъи гьечIел, жидее хис-бас гьечел, жидер тIагIам-лазат холарел.

**74. Жидеца мунагьал гьарурал капурзаби даимго жужахIалъул гIазабалъулъ рукIине руго.**

**75. Жидедаса гIазаб бигьа гьабуларо цохIо лахIзаталъ ва гьел тIобанго хьул къотIарал рукIуна кинабгIаги цIоб рахIмоялдаса.**

**76. Дица гьезие щибго зулму гьабичIого, гьел гIадамал рукIана жидеца напсазе зулму гьабурал** гьаб гIазаб жидее хIакълъулеб гIамал жидеца гьабиялдалъун.

**77. Гьез жужахIалда тIад тарав малаикасда абула: Я Малик, дуца Аллагьасда абе нижер рухIал росун ниж хвезареян, нижедаса гьаб гIазаб тIаса ун, ниж хIалхьезе - абун. Гьев Малица абула: «Нуж даимго гьеб гIазабалъулъ рукIине руго» - абун.**

Хадубги гьезда Аллагьасул рахъалъан абула:

**78. Дун нужехъе хIакъаб диналдалъун вачIун вукIана.** Дица аварагзаби ритIана, тIахьалги рештIине гьаруна, **амма нужер гIемерисел гьеб хIакъаб жо къваригIинчIел, гьеб рихарал рукIана.**

**79. Маккаялъул мушрикаца дир авараг чIвазе абун хIукмуйщха гьабун бугеб? Дицаги буго хIукму гьабун дир авараг хвасар гьавизе ва гьеб дир хIукму жиб тIубалеб буго,** мушриказул хIукмуги жиб гIадада холеб буго.

**80. Гьезда ракIалдайищ кколеб бугеб дида гьез балъго бицараб ва шурун бицараб жо ргIуларин абун. РагIула дида гьез бицараб жо ва дир русулалги руго** *(малаикзаби руго)* **гьезул кинабго ргIи ва гIамал жидеца хъвалел.**

**8I. Дуца гьезда абе МухIаммад: «Гьев БетIергьан Аллагьасул лъимер букIин хIакълъун букIарабани тIоццебе дица гьабилаан гьесие лагълъи» - абун.**

**82. Жив ТIадегIанав ва жив ВацIцIадав вуго БетIергьан Аллагь, зобалазулги ракьалъулги БетIергьанав, кIудияб гIаршалъулги БетIергьанав, - гьел мушрикаца жиндие гьарулел сипатаздаса.**

**83. Дуца Маккаялъул мушрикал те МухIаммад жидерго ахIмакъаб ишалда: хъанчие лагълъи гьабун гIададисеб махсаро хвечI гьабун, жидее къотIи гьабураб къиямасеб къо тIаде бачIинегIан.**

**84. Гьев Аллагь вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан, жив зобалазда Аллагьлъун вугев, ракьалдаги Аллагьлъун вугев. Гьев Аллагь вуго жиндир тадбир хIакимияв, жинда кинабго жоялъул маслахIат лъалев.**

**85. Жив вацIцIадав ва ТIадегIанав вуго зобал ракьалъул ханлъи жиндие бугев, гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб жоялъулги ханлъи жиндие бугев, жиндие къиямасеб къо кидал бачIунеблъиги лъалев БетIергьан Аллагь. Гьев Аллагьасде буго ахираталда киналго гIадамазул руссинги.** Жидер гIамалазул хIисабмизан ва жазаъ гьабизе.


**86. Гьев Аллагьги тун жидее лагълъи гьабулел алагьзабада кIоларо жидеца шапагIат гьабизе. Жидеца Аллагь цо гьавун гьесие хIакъаб нугIлъи гьабурал ва Аллагьас жадеца шапагIат гьабизе изнуги кьурал гIадамазда кIола шапагIат гьабизе.**

**87. Дуца гьел мушриказда гьикъани МухIаммад: «Нуж лъица рижарал?» - абун. Гьез абизе буго: «Ниж Аллагьас рижана» - абун. Гьал киреха унел ругел Аллагьасе лагълъиги гьабичIого хъанчазе лагълъи гьабизе?**

**88. Нужеда витIарав расулас абураб ргIи: «Я дир БетIергьан! Гьаб къавм буго жидеца иман лъолареб къавм» - абун.** Гьаб буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас Аллагьасде зигари гьабун абураб ргIи. Гьалъие жаваб гьабун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**89. Мун гьездаса вусса МухIаммад!** Гьез дуе гьабуралда релълъараб квешлъи гьезие гьабуге. **Дуца гьезда абе: «Нужее саламатлъи буго дидаса» - абун. Гьезда нахъа лъазе буго жидер гIамалалъе кинаб жазаъ гьабулеблъи!**

**Сурату Духан 44.**


الجزء الخامس والعشرون سورة الدخان

سورة الدخان

بسم الله الرحمن الرحيم

حمٓ ﴿١﴾ وَٱلۡكِتَٰبِ ٱلۡمُبِينِ ﴿٢﴾ إِنَّآ أَنزَلۡنَٰهُ فِي لَيۡلَةٖ مُّبَٰرَكَةٍۚ
إِنَّا كُنَّا مُنذِرِينَ ﴿٣﴾ فِيهَا يُفۡرَقُ كُلُّ أَمۡرٍ حَكِيمٍ ﴿٤﴾ أَمۡرٗا
مِّنۡ عِندِنَآۚ إِنَّا كُنَّا مُرۡسِلِينَ ﴿٥﴾ رَحۡمَةٗ مِّن رَّبِّكَۚ إِنَّهُۥ هُوَ
ٱلسَّمِيعُ ٱلۡعَلِيمُ ﴿٦﴾ رَبِّ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ وَمَا بَيۡنَهُمَآۖ
إِن كُنتُم مُّوقِنِينَ ﴿٧﴾ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ يُحۡيِۦ وَيُمِيتُۖ رَبُّكُمۡ
وَرَبُّ ءَابَآئِكُمُ ٱلۡأَوَّلِينَ ﴿٨﴾ بَلۡ هُمۡ فِي شَكّٖ يَلۡعَبُونَ ﴿٩﴾
فَٱرۡتَقِبۡ يَوۡمَ تَأۡتِي ٱلسَّمَآءُ بِدُخَانٖ مُّبِينٖ ﴿١٠﴾ يَغۡشَى ٱلنَّاسَۖ
هَٰذَا عَذَابٌ أَلِيمٞ ﴿١١﴾ رَبَّنَا ٱكۡشِفۡ عَنَّا ٱلۡعَذَابَ إِنَّا مُؤۡمِنُونَ
﴿١٢﴾ أَنَّىٰ لَهُمُ ٱلذِّكۡرَىٰ وَقَدۡ جَآءَهُمۡ رَسُولٞ مُّبِينٞ ﴿١٣﴾ ثُمَّ
تَوَلَّوۡاْ عَنۡهُ وَقَالُواْ مُعَلَّمٞ مَّجۡنُونٌ ﴿١٤﴾ إِنَّا كَاشِفُواْ ٱلۡعَذَابِ قَلِيلًا
إِنَّكُمۡ عَآئِدُونَ ﴿١٥﴾ يَوۡمَ نَبۡطِشُ ٱلۡبَطۡشَةَ ٱلۡكُبۡرَىٰٓۚ إِنَّا مُنتَقِمُونَ
﴿١٦﴾ ۞ وَلَقَدۡ فَتَنَّا قَبۡلَهُمۡ قَوۡمَ فِرۡعَوۡنَ وَجَآءَهُمۡ رَسُولٞ كَرِيمٌ
﴿١٧﴾ أَنۡ أَدُّوٓاْ إِلَيَّ عِبَادَ ٱللَّهِۖ إِنِّي لَكُمۡ رَسُولٌ أَمِينٞ ﴿١٨﴾

الجزء ٥٠

٤٩٦

**I. ХIа. Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарпалдалъун щиб мурад бугеблъи.

**2. Дун гьедулев вуго жиб баянаб, жиндир хIукму загьираб Къурьаналдалъун.**

**3. Дица гьаб хирияб Къурьан рештIине гьабуна жиндилъ баракат бугеб сордоялъ.** Гьеб буго рамазан моцIалда жаниб бугеб «Лайлатул къадри» абулеб сордо. Гьеб баракат бугеб бакIиналъул гIаламат буго гьеб сордоялъ Аллагьас муъминзабазул дугIа къабул гьабулеб букIин, гьезул тавбо къабул гьабун, гьезда баракат ва нигIматал рештIунел рукIин. Гьаб Къурьан жиндилъ рештIине гьабураб сордо букIинги буго гьеб сордо баракат бугеб букIиналъе гIаламат. ЛавхIул махIфузалдаса гьеб сордоялъ дунялалъул зодибе рештIинабуна гьаб Къурьан, цинги Жабраил малаик хьвадана Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе щибаб хIажалъи бихьун гьаб Къуръаналъул суратал ва аятал росун.

**ХIакълъунго дица дир лагъзадерие хIинкъи кьола, гьезухъе авараг витIун, гьезде тIехь рештIине гьабун.** Ахират букIин бицуна, гьениб хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе букIинги бицуна. Гьел гIадамаз иман лъезе бокьун ва лъикIаб гIамал гьабун ахираталда жидее алжан щолеллъун рукIинеги бокьун. Жидеца иман лъечIел гIадамазе хIужа-далиллъунги букIине.

**4. Гьеб «Лайлатул къадроялъул сордоялъ» баян гьабула ва ЛавхIул-махIфузалдаса босун малаикзабазухъе кьола цо лъагIалида жаниб букIунеб кинабго амро ва хIукму-къадар.** Инсанасе бугеб ризкъи бугониги, гьесие букIунеб къварилъи, гIатIилъи бугониги, хвел ва чIаголъи бугониги гьеб кинабго жо баян гьабула гьеб сордоялъ.

**5. Гьеб букIуна дир рахъалъан бугеб амролъун ва хIукмолъун.** Дица лъазе гьабун гурони малаикзабада гьеб кинабго жо лъаларо. **Дица ритIула умматазухъе аварагзабиги.** Гьезухъе исламияб дин босун ва гьезие шаргIиял ахIкамал баян гьаризе, гьел хIакъаб диналда ва битIараб нухалда тIоритIине.

**6. Гьал аварагзаби ритIин, ва умматазда хIакъаб дин лъазе гьаби дур БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб-рахIмат буго. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо ргIулев ва жинца гьабулеб хIукму-къадаралъулъ жинда кинабго жо лъалев.**

**7. Зобалазулги ракьалъулги ва гьеб кIиялдаго гьоркьоб бугеб махлукъалъул БетIергьан вуго Аллагь. Нуж жо бичIчIунел ва лъалел гIадамал ратани нужеца гьев Аллагьасе гьабе лагълъи.**

**8. Жив гурев цоги Аллагь гьечIевги вуго. Жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезарулев. Нужер БетIергьан вуго гьев Аллагь, ва нужер цересел умумузул БетIергьанги вуго.**

**9. Кинниги гьел мушрикал жидер шаклъиялда жанирги рукIун махсаро-кеп гьабулел руго.**

**I0. Дуца хъаравуллъи ккве МухIаммад, гьеб къавмалда тIаде зодисан жиб бецIаб, биццатаб кIкIуй бачIунеб гIужалда.**

**II. Гьеб кIкIуялъ гIадамал рахчун рукIуна, ва гьез абула: «Гьаб жо цIакъ жинца унтизабулеб гIазаб буго.**

**I2. Я нижер БетIергьан! Дуца нижедаса гьаб гIазаб босани нижеца иман лъезе буго» - абун.** Гьеб буго жидер гьересияб ргIи. Аллагьас гьезул хIакъалъулъ абулеб буго:

**I3. Кисан гьез иман лъелеб? Гьезухъе расул вачIун вукIана, Къуръанги рештIине гьабун букIана, гьедин бугониги жидеца иман лъечIо.**


**I4. Жал гьев аварагасда иман лъеялдаса руссана ва гьез абуна: «Гьав чи вуго жинда жундуца Къурьан лъазе гьабурав чи» - абун.**

**I5. Дица нужедаса дагьабго гIазаб тIасан босараб мехалъ нуж нужерго купру-ширкалда руссине руго.**

**I6. Дуца гьел Къурайшиязе рехсе МухIаммад, дица гучаб гIазаб гьабулеб къо. Гьеб къоялъ дица ццим босизе буго дида гIасилъарал, дида инкар ккурал ва дидахун ширк гьабурал гIадамаздаса.**

**I7. Дица гьал Къурайшияздасан цереккун ФиргIавнил къавмалъулги хIал бихьи гьабун букIана гьезухъе расулги витIун. Гьев вукIана хирияв Муса авараг.**

**I8.** Муса аварагас ФиргIавнида абуна: **«Дуца дихъе кье дир къавм Бануисраилал ва дуца гьел лагълъиялдасаги, гьезие гьабулеб гIазабалдасаги хвасар гьаре. Дун вуго нужеде витIарав расул, дида божи гьабизе бегьулев, нужее лъикIаб насихIатги гьабулев.**




**I9. Нуж Аллагьасда данде рахъунге, гьесдаса ТIадегIанлъун рукIунге. Дун нужехъе вачIун вуго баянал хIужабигун ва загьирал мугIжизаталгун.** ФиргIавнил къавмалъ Муса чIвазе къасд гьабидал Муса аварагас абуна:

**20. Дица дир ва нужерги БетIергьанасдалъун цIуни гьарулеб буго нужеца дун ганчIал речIчIун чIваялалдасан.**

**2I. Нужеца дида иман лъолеб батичIони нужеца дун живго те, дие къварилъи гьабуге** - абун.

**22. Цинги Муса аварагас жиндир БетIергьанасда ахIи бана: «Гьаб къавм буго цIакъ къосараб, жидер мунагьал гIемераб къавм» - абун.**

**23. ТIадегIанав Аллагьас Муса аварагасда амро гьабуна: «Мун дир лагъзал Бануисраилалги рачун сардилъ къватIиве а! Нужеда хадур рахъун ФиргIавнил къавмги бачIине буго.**

**24. Мун дур къавмгун цадахъ ралъдалъан къватIиве вахъараб мехалъ гьеб ралъад рагьун бугеб хIалалъ те! Гьеб фиргIавнил къавм жиб гьанкъизе бугеб къавм буго» - абун.**

**25. 26. 27. Чам гIемералха гьеб пиргIавнил къавмалъ жалги гьалаглъун нахъе тарал берцинал ахал, иццал-лълъималги, рекьарал, къачIарал хурзалги, берцинал чIухIарал жалго жанир чIолел рукIарал минаби ва кIалгIабиги. Ва гIемерал батIи-батIиял нигIматалги гъокье тана, жидеца гьездасан лазат-кеп босулел рукIарал.**

**28. Гьедин буго дир амро.** Дие бокьараб жо бокьухъин гьабулев вуго дун**. ФиргIавнил къавмги гьалаг гьабун дица гьезул ракьги, гьезул ахал-хурзал ва шагьарал ирсалъе кьуна цогидал къавмазе.** Гьел руго Бануисраилал пиргIавнил къавмалъ лагъзаллъун ккун жидее гIемераб къварилъи гIазаб гьабулел рукIарал.

**29. Гьеб фиргIавнил къавм гьанкъана абун гьезда хадур зобал гIодичIо, ракьги гIодочIо.** Гьезул гIасилъи-пасикълъи сабаблъун гьел гьалаг гьаридалго гьезда ракI гурхIулев щивго чи вукIинчо. **Жал гьалаг гьаризе къотIи гьабураб заман тIаде щвараб мехалъ гьел гьалаг гьаричIого нахъе рахъунги течIо.** Къиямасеб къоялъ гIазаб гьабизе абунги течIо. Гьениб гьабулеб гIазаб жиб букIин хIакъаб буго ва дунялалда гьалаг гьарунин абун гьездаса ахираталъул гIазаб тIаса унаро.

Гьел капурал ва чIухIарал гIадамал, жидее дунялалъул ханлъиги бугеб мехалъ цIакъго гIамал кIодолъун рукIула, жидедасан лъикIаб жого гьечIин дунялалда абун ракIалда ккун рукIуна. Гьеб ахIмакъаб пикругун рукIарал гIадамал гьалаг гьарураб мехалъ зобалазе ва ракьалъе щибго ками ккечIо абулеб буго Аллагьас. Гьел жидерго рукIараб хIалалда хутIана, амма дол чIухIарал чагIазул насло бакъвана ва хабарги тIагIана.

**30. ХIакълъунго дица Бануисраилал хвасар гьаруна гьел гIодогIан гьарулеб гIазабалдаса.**

**3I. ФиргIавн вукIана гьезие жинца гIазаб гьабулев. Гьев вукIана цIакъ гIамал кIудияв залим ва пасикъ.**

**32. Дица гьел Бануисраилал цогидал гIадамаздаса хира гьаруна, жал гьеб хиралъиялъе мустахIикъал рукIин дида лъалеб букIиналъ.** Гьезда гьоркьоса гIемер аварагзабиги ритIана**.**

**33. Дица гьел аварагзабазе гIемерал мугIжизаталги кьуна жидеда жанир гIадамазе хIужаби ругел ва пикру гьабулел гIадамазе вагIза насихIат бугел.**


**34. 35. Гьал Маккаялъул Къурайшаца абулеб буо ниж цо нухалъ гурони хвезе гьечIо абун ва ниж ахираталда тIаде рахъинаризеги гьечIин абун.**

**36.** Жегиги капураб къавмалъ абуна**: «Ниж тIаде рахъинарула абураб рагIиялъулъ нуж битIарал ратани нижер хварал умумул чIаго гьареха нужеца» - абун.**

**37. Гьал Маккаялъул мушрикалишха лъикIал ва къуватал ругел, яги Яманалда рукIарал Сабаалъул ханзабийищ къуватал ругел? Гьездаги цере рукIарал къавмалги рукIана жидер къуват-гуч бугел, бечелъи ханлъи бугел. Гьел киналго гьалаг гьаруна дица. Гьел рукIана** жидеца иман лъечIел, **купру-ширкалдалъун мунагь гьабулел гIадамал.**

**38. Дица гьал зобалги, ракьги, гьезда жаниб ва гьоркьоб бугеб махлукъги бижичIо дун гIададисеб жо гьабулевлъун вукIун.**

**39. Дица гьел зобалги ракьги бижичIо хIакъаб жоялдалъун гурони. Гьаб амро гьадин бугониги гIемерисел гIадамал жидеда гьаб хIикмат лъаларел руго.** Жидеца Аллагьасе гIибадат гьабуларел, ахираталда иман лъоларел руго.




**40. Жиндилъ хIукму гьабулеб къо кинабго халкъалъе гIаммаб къо буго.**

**4I. Гьеб буго щивниги гьудулас ва гIагарав чияс цоцазе кумек гьабулареб,** хIинкъи ва къварилъи кIудияб къо. **Гьеб къоялъ гIадамазе квер бакъулев щивго чи вукIунаро.**

**42. Аллагь жидеда гурхIарал муъминзабада кIола цоцазе шапагIат гьабизе гьев, Аллагьас жиндие изно кьун хадуб. ХIакълъунго гьев Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго:** жинда гIасилъараздаса ццим босизе кIолев вуго**. Жив цIакъ гурхIулев вуго.** Жинда иман лъуразул тавбо къабул гьабулев, гьезул мунагьал чурулев вуго.

**43. 44. 45. 46. ЖужахIалда жаниб бижунеб закъумалъул гъветI жидер мунагьал гIемерал купру-ширкалъул агьлуялъул тIагIам буго.** Гьезие жужахIалда жаниб цоги квен букIунаро. **Гьеб жиб биараб, гьалдолеб тIохьигIадин букIуна гьезул чохьониб. Кутакалда бухIараб, гьалдолеб лъим гIадин гъваргъвадилеб букIуна.** Аллагьас жужахIалда тIад тарал забаниятазда амру гьабула:

**47. Нужеца гьав чи кквезеги ккун вехъерхъун жужахI бакьулъе рехе!.**

**48. Цинги нужеца гьесул БетIералдаса бехе бухIараб хIамим тIун гьелъул гIазаб чIамизе гьабе гьесда.** Гьеб хIалалъ вехъерхъун жужахIалъувеги реххун, бетIералдаса бехе бухIараб, махIцараб хIамимги тIун хадуб гьев чиясда абула:

**49. «ЧIаме дуца гьаб гIазаб! Гьанже вуго мун унгого кIодо гьавурав ва къадро къимат бугев»- абун.** Гьев инжит гьавун абула гьаб рагIи**.**

Жинда Аллагь разилъаяв ГIикриматица абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда Абужагьал данде чIвараб мехалъ аварагас гьесда абуна: *«Дида Аллагьас амро гьабун буго дуда абе абун: Бищунго дуе рекъараб буго гьеб ахираталъул гIазаб!»-абун. Абужагьалица абуна: «Дуца дие щиб жоялдалъун хIинкъи кьолеб бугеб?. Валлагьи кIоларо дудаги дур Аллагьасдаги дие щибго жо гьабизе! БичасхIаги дун вуго гьаб кIкIалалъул (Макка бугеб бакI) бищунго гучав ва хирияв, гьелъул кинабго*

*агьлоялдаса!»-абун. Гьев Абужагьал Бадроялда чIвана, гьесул бетIер къотIун ибну МасгIудица хадуб бехъерхъун аварагасда цебе бачIана. Гьесул хIакъалъулъ рештIине гьаруна гьал аятал»*-абун.

Къиямасеб къоялъ гьел мушриказда абула:

**50. Гьале гьаб гIазаб буго дунялалда ругеб мехалъ нуж жиб букIиналда божуларого рукIараб - абун.**

**5I. ХIакъалъунго Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзаби гьеб ахираталда цIакъ божилъи бугеб макъамалда рукIуна.**

**52. Алжаназда жанир берцинал ахазулъ ва нигIматазул иццазулъ рукIуна.**

**53. Гьез тIад ретIараб ретIелги дарай-зарбалъул букIуна ва жал цоцаде балагьун, цоцадаса роххун ва ракI гъун рукIуна.**

**54. Гьадинал нигIматал кьун хира гьарула Дица гьел муъминзаби. Гьезие руччабилъун хIурулгIинзабиги кьола.**

**55. Жидее бокьарб пихъ босун рачIа абун гъилманаздаги абула.** Жидее щиб квен кванаиги гьелъ заралги гьабуларо.


**56. Гьеб алжаналда жанире лъугьун хадуб гьезие хвелги букIунаро доб дунялалда букIараб хвелалдаса хадуб. Аллагьас гьел жужахIалъул гIазабалдаса цIунунги рукIуна.**

**57. Гьаб рехсараб жо буго МухIаммад, дур БетIергьан Аллагьас жиндир лагъзадерие гьабулеб цIоб рахIмат. Гьаб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда квершел бати ва абадияб сагIадат (бахьи буголъи).**

**58. Гьаб хирияб Къуръан дица дур мацIалъе цIализе бигьаяблъун гьабуна МухIаммад, гIараб мацIалда рештIинабун: гьеб дур къавмалъ Къуръаналъул вагIза босизе бокьун.**

**59. Мун валагьун вукIа МухIаммад, гьел мун гьереси гьавулел, Къурьаналда иман лъоларел мушриказда кинаб къодай бихьула абун. Гьелги балагьун чIарал руго кидалдай жал дур дагIваталдаса хвасарлъила абун.**

Аллагьасул тавфикъалдалъун сурату Духаналъул тафсир ва таржама хъван тIубана.




**Суратул Жасият 45.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб лъебералда анкьго аят бугеб.

**I. ХIа. Мим.** ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьаб кIиго хIарп абиялдалъун бугеб мурад.

**2. Гьаб хирияб Къурьан ТIадегIанав Аллагьас рештIине гьабураб тIехь буго, жиндир гуч бергьарав ва жиндир пиша хIакимияв.**

**3. Гьал зобалазулъ ва ракьалъулъги Аллагьасул хIалкъIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламатал руго жидеца Аллагьасда иман лъурал гIадамазе.**

**4. Нужерго рижиялъулъги, гьаб ракьалда тIаде хьвадулеб щинаб жо бижиялъулъги гIаламатал руго жидеца иман лъун Аллагьасул хIалкIолъи ритIухъ гьабулел гIадамазе.**

**5. Сордо-къо цоялъ цояб хисиялъулъги, Аллагьас зодисан жиб ризкъилъун бугеб цIад реш-тIинабиялъулъги, гьелдалъун хвараб ракь чIаго гьабулеб. Гьединго гьури хьвадизабиялъулъги гIаламатал руго Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIал кIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел жидер гIакъло лъай бугел гIадамазе.**

**6. Гьел рехсарал ва гьел гурелги гIемерал гIаламатал руго Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIал кIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел. Гьел Аллагьасул аятал дица дуе цIалулел руго**

**МухIаммад, жал хIакъаллъун ругел, жидеда жаниб батIулаб жо гьечIел. Гьав Аллагьги гьесул аяталги тун цоги щиб жоялдаха иман лъолеб гьел мушриказ?**

Жидер гIакъло бугел гIадамаз иман лъезе тIадаб буго гьадинал кIудиял ва загьирал аятал ва гIаламат жив вукIиналъе далиллъун ругев Аллагьасда ва гьес рештIине гьабураб тIехьалдаги. Гьединго гьезда тIадаб буго гьаб Къурьанги жинда рештIине гьабун, цогиги мугIжизаталги жиндие кьун жидехъе авараглъун витIарав, жидеда гьоркьосан чи МухIаммадидаги иман лъезе. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв.

**7. ЦIакъ квешаб гIазаб букIине буго жинца гьереси бицин ва мунагьал гьари гIемерав чиясе.**

**8. Жиндие цIалулел Аллагьасул аятал жинда ргIулев ва цингиги жив купруялда ва ширкалда чIолев. Жинца гIамал кIодолъи гьабун, иман лъезе чIухIун, жинда гьеб Къуръан ргIизего ргIичIеб хIалги гьабун. Дуца гьесда рохел бице МухIаммад, цIакъ жинда унтизабулеб гIазабалдалъун.**


**9. Жидехъе Аллагьас рештIинарурал аятал щвараб мехалъ, жидеца гьел аятал махсароде гьарулел, гьезда тIад релъанхъулел, гьел гIадамал руго жидее жал хIакъир гьарулеб гIазаб букIине бугел.**

**I0. Гьезда балагьун, гьел рачIинелда хIадурун жагьаннамаги буго. Гьезие щибго кумек гьабизе гьечIо ахираталда щвараб мехалъ жидеца данде гьабураб дунялалъул боцIиялъ, гьединго Аллагьги живго тун жидеца вализабилъун ккурал гIадамаз, гьез жидее лагълъи гьабурал хъанчазги. Гьезие цIакъ гучаб жажухIалъул гIазаб букIине буго.**

**II. Гьаб Къуръан буго жиб баянаб ва мухIканаб тIоритIел. Гьаб хирияб Къурьан жидеца гьереси гьабулел, жидер БетIергьан Аллагьасул аятазда жидеца инкарги кколел гIадамазе цIакъ квешаб гIазаб букIине буго.**

**I2. Гьев Аллагь вуго нужеца жиндие лагълъи гьабизе хIакъав нужер БетIергьан, Жинца нужее ралъад квегъарав, нужеца гьеб ралъдалъан гуми хьвадизе гьаризе жиндир амруялдалъун ва цIуниялдалъун. Нужеца гьеб ралъдадаса хьвадун сафаралда ун нужее ризкъи тIалаб гьабизе ва нужеца Аллагьасе шукруги гьабизе.** Гьел киналго нигIматал Аллагьасдаса рукIин лъан, Аллагьас гьес гьаб кинабго махлукъ инсанасе квегъараб букIинги лъан.

**I3. ТIадегIанав Аллагьас квегъараб буго нужее гьал зобаллаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ.** Бакъ, мацI, цIвабиги нужеца жидедаса мунпагIат босулел руго. Ралъадал гIоралги, МугIрул щобалги нужее квегъарал руго. Нужедаса гIемерго къуватал ва гучал хIайваналги нужеца хIалтIизе гьарулеллъун гьарун руго. Зодиса балеб цIадги, пулел гьуралги нужее маслахIаталъе ратулел руго.




**Гьал рехсарал ишазулъги гIемерал ва кIудиял гIаламатал ва аятал руго Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъиялда жидеца тIоритIел гьабулел, жидер гIакъло бугел, жидеца пикру гьабулел гIадамазе.** Гьел гIакъло бугел ва жидеца пикру гьабулел гIадамал муъминзаби руго. Гьал кIудиял гIаламатал жидеда рихьуларел, гьезда иман лъоларел гIадамал цIакъ ахIмакъал, шайтIаналъ гуккурал гIадамал руго.

**I4. Дуца муъминзабаде абе МухIаммад, гьел капурзаби жидеда тIаса лъугьун те, гьезул къварилъиги хIехье. Гьел руго Аллагьасул гIакъубаялдаса хIинкъуларел гIадамал, жидеца ахираталда иман лъолеб гьечIелъул. Гьел инкарчагIазул гIамалалда рекъараб жазаъ гьезие Аллагьас гьабизе буго - абун.**

**I5. Жинца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурав чияс гьеб жиндирго напсалъе гьабураб лъикIлъи буго. Иман лъечIого чIарав чиясги жиндирго**

**напсалъе гьабураб квешлъи буго. Ахираталда нуж киналго нужер БетIергьанасда руссинаризе руго.**


**I6. ХIакълъунго дица Бануисраилазе кьуна тIехьги, гIелму ва авараглъиги. Гьединго дица лъикIал, лазатал нигIматалги кьуна ва дица гьел хираги гьаруна жидер заманалъул киналго гIадамаздаса.** Цингиги гьез дида гIасилъи гьабуна, дир аварагзабиги гьереси гьаруна**.** Гьаб дур къавмалъ гьабулеб гIамалги гьезулалда релъалъараб буго МухIаммад, дуца сабро гьабе ва дурго рисалат халкъалъухъ щвезабиялда тIад чIей гьабе!

**I7. Дица гьел Бануисраилазе Тавраталда жаниб цIакъ мухIканго баян гьабуна жидер диналъул хIукму ва ахир заманалъул авараглъун вугев МухIаммадил сипаталги. Гьел Бануисраилал жидер диналъулъ хилифлъичIо жидехъе хIакъаб жо бачIун хадур гурони ва жидеда гьеб якъинго лъан хадурги гурони. Гьел хилифлъиялъе сабабги букIана жидеда гьоркьоб бугеб хIалхъублъи, ханлъи ва кIодолъи бокьи. Дур БетIергьан Аллагьас гьезда гьоркьоб хIукму гьабизе буго МухIаммад, къиямасеб къоялъ гьел жиндилъ хилифлъун рукIараб диналъул амруялъулъ.** Гьаб аяталъ Маккаялъул мушриказе хIинкъи кьолеб буго жидеда цере рукIарал умматазул капурзабаца гьабураб гIамал гьабуни Аллагьас жидееги гIазаб гьабизе букIиналдалъун.

**I8. Гьелдаса хадув дица мун гьавуна МухIаммад, хIакъаб шаргIалда.** Жиб баянаб, загьираб исламияб дин халкъалда лъазе гьабулев расуллъун гьавуна мун. **Мун, гьеб дуда вахIю гьабураб диналда чIа! Мун мутIигIлъуге жидеда щибго жо лъаларел Къурайшазул ргIабазе ва гьезие бокьараб жоялъе.** Къурайшаца МухIаммадида абулеб букIана мун нилъер умумузул диналда вусса абун. Гьезул рвгIи хвезе гьабун: «Мун хIакъаб диналда вуго ва гьелда чIа абун абулеб буго ТIадегIанав Аллагьас жиндие хирияв МухIаммад аварагасда.

**I9. Гьел Къурайшаца дуе щибго кумек гьабизе гьечIо мун гьезда мутIигIлъун дуда Аллагьасе гIазаб щолеб бугони. Гьел киналго кафурал гIадамал цоцазул гьудулзаби, вализаби руго.** Дунялалда гьел киналго Аллагьасул диналда данде чIолел руго, гьеб зулму гьабиялъулъ цоцазе квер бакъи гьабулелги руго. Амма ахираталда гьел цоцадасан цIакъ рикIкIалъулелги руго. Гьениб гьезие квер бакъулев чи вукIунаро. **Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун гьесие гIибадат бацIцIад гьабурал муъминзабазул Вали ТIадегIанав Аллагь вуго,** дунялалдаги ахираталдаги гьезие квер бакъи жинца гьабулев.

**20. Гьаб хирияб Къурьан гIадамазе нурлъун буго, жинца гьезда хIакъаб нух бихьизе гьабулеб, гьел тIоритIулеб чирахъги буго, гьезул ракIазда нур базе гьабулеб гIелму-хIикматги буго. Жидеда Аллагь лъалеб, ахираталда иман лъолеб халкъалъе Аллагьасул рахъалъан бугеб рахIматги буго гьаб Къурьан.** Гьаб Къурьаналда нахърилъиналдалъун жидее абадиял алжаназул нигIматал щолелъул, жал жужахIалъул гIазабалдасаги цIунулелъул.




**2I. Жидеца гIасилъи-пасикълъи гьабулел гIадамазда ракIалдайищ кколеб бугеб дица гьел жидеца иманги лъун, аварагзабада нахъги рилъулъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабада релъулъун гьарилин абун гьаб дунялалъул рукъорги, хадуб ахираталдаги?** Гьариларо дица гьел кIиялго цоцаде релъулъине. **ЦIакъ квешаб, гIантаб пикру ва хIукму буго гьел ахIмакъзабаца гьабулеб хIукму.** Муъминзаби муъминзабилъун хола ва ахираталда муъминзабилъун тIаде рахъине гьарун алжаналда лъугьине гьарула. Кафурзаби жидер куфруялда хола ва ахираталда жужахIалда жанирги лъугьине гьарула.

**22. ТIадегIанав Аллагьас зобал ва ракь бижана жинца хIакъаб жо гьабулевлъун вукIун. Ахираталда щибаб нафсалъе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе, цониги чиясе щибго зулмуги гьабичIого букIинги.**

**23. Дуца дида бицеха МухIаммад, жинца Аллагьасе гIибадат гьабиги тун жиндирго гьава-напсалъе лагълъи гьабурасул хIал кин букIунеб? Аллагьас жив къосаравлъунги гьавун вугев, гьесда хIакъаб жо лъалеб букIингун цадахъ. Жиндир гIиналдаги ракIалдаги Аллагьас мугьру чIварав, гьезда хIакъаб жо ргIичIого букIине ва бичIинчIого букIине. Жиндир бералда тIад тIалъелги (пардавги) гьабурав хIакъаб жо бихьичIого букIине. Гьав чи жинца тIовитIулев цоги щив чи вукIунев Аллагьас гьев тIовитIичIеб мехалъ?** Щивго чи вукIунаро! **Гьаб хабаралъул вагIза кин босулареб киналго гIадамаз.**

**24. Маккаялъул мушриказ абуна: «Гьаб дунялалъул чIаголъи гурони цоги чIаголъи гьечIо. Ниж гьаб дунялалда чIаго рукIуна ва гьанир хола. Ниж хвезе гьарулев щивго чи гьечIо жибго дунялалъул гIадат гурони» - абун. Гьаб жидер ргIиялъе гьезул щибго гIилла-хIужжа ва гIелму гьечIо. Гьел руго жидерго ракIалда ккараб жо бицунел гIадамал.**

**25. Гьал муширказе дир Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ гьезул тIокIаб абизе ргIи букIинчIо: нуж нижер хварал умумул чIаго гьарун, гьелги рачун рачIаха нижехъе, нуж битIараб жо бицунел ратани аби гуреб.** Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна*: «ТIадегIанав Аллагьас гьуриялдалъун гьалаг гьарурал къавмазул тIоцересел ГIадилал рукIана. Гьеб гьороца гIадамалги, хIайваналги хIули гIадин зодоре росун унел ркIана жал рихъуларе бакIалда щвезегIан, цинги гIодоре рехун ракьалда тIад тIутIун, тиршун унел рукIана»-абун. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидасаги хIадис бицана. Гьелъ абуна: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда накIкI бихьараб мехалъ, кутакаб гьуриниги бихьараб мехалъ гьесул гьумералда хIинкъиялъул гIаламат лъалеб букIана. ГIаишатица цо нухалъ аварагасда абуна: «Я Бичасул расул! ГIадамал рохула накIкIги гьуриги бихьараб мехалъ жидее цIад балин абун. Мун щай гьелъ хIинкъизе гьавулев?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я ГIаишат! Гьеб накIкIалдаги гьуриялдаги цадахъ гIазаб батунгутIиялда божуларо дун. Аллагьас цо къавм гьалаг гьабуна гьуриялдалъун, жидеда гьебги кколеб букIана жидее цIад базе бачIунеб накIкI буго»*-абун.

**26. Дуца гьезда абе МухIаммад! ТIадегIанав Аллагь вуго жинца нуж чIаго гьарулев:** Щибго жо гьечIеб бакIалдаса жинца нуж рижарав. **Цинги Аллагьас нуж хвезеги гьарула,** нужее цIараб заман тIубараб мехалъ. **Цинги нуж Аллагьас данде гьаризе руго къиямасеб къоялъ. Жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб къо буго гьеб. Киннигги гIадамазул гIемерисел гьаб хIакъикъат жидеда лъаларел руго.**

**27. ТIадегIанав Аллагьасе буго зобал ракьазул ханлъи. Къиямасеб къо чIараб мехалъ цIакъ чIорого хутIарал ва гIадада хвараллъун рукIине руго жидеца купру-ширк гьабулел, Аллагьасул аятазда инкар кколел гIадамал.**

**28. Дуда киналго гIадамалги рихьизе руго я гьав инсан, жал накабазда гIодор ккараллъун** гьеб къоялъул захIмалъиялдаса хIинкъун. **Щивав чиги гьеб къоялъ жиндир гIамалал хъвараб тIехьалда аскIов ахIула ва гьел гIадамазда абула: «Жакъа нужее гьабулеб жазаъ буго нужеца дунялалда гьабулеб букIараб гIамалалда данде!**

**29. Гьаб дир тIехь буго жинда тIаде нужер гIамалал хъвараб, жинца нужее хIакъаб нугIлъиги гьабулеб. Дица малаикзаби хъвазе риччан нужеца гьабураб кинабго гIамал хъвалеб букIана» - абун.**

**30. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал: Аллагьас гьел гIадамал лъугьинарула жиндир рахIматалъулъ.** Алжаналъул нигIматазулъ лъугьинарула. **Гьеб буго цIакъ кIудияб квершел бати ва баянаб бахьи буголъи.**

**3I. Ва амма Аллагьасда инкар ккурал гIадамал жужахIалда лъугьинарула ва гьезда бадиб чIвай гьабун абула: «Нужехъе дир аятал рачIунел рукIана гурищ?** Дир аварагзабиги рачIана гурищ? **Нужеца гьел аятал къабул гьаричIо,** аварагзабада иман лъезеги чIухIана **ва нуж рукIана Аллагьасда гIасиял гIадамал.**


**32. Нужеда абураб мехалъ хун хадур тIаде рахъинаризе руго абураб Аллагьасул къотIи хIакъаб бугин, къиямасеб къо бачIинги жиндилъ шаклъи гьечIеб амро бугин абун, нужеца абулеб букIана: «Нижеда лъаларо гьеб къиямасеб къо щиб жо бугеб. Нижеда гьеб къиямасеб къоялъул хабар гIадамаз бицунеб ргIула гьеб букIине бегьула абун ракIалда ккола. Амма ниж гьелда тIобанго божулел гьечIо» - абун.**

**33. Ахираталда гьел капурзабазе жидеца дунялалда гьарулел рукIарал къабихIал гIамалазул жазаъ загьирлъула, ва гьезие хIакъаблъунги лъугьуна жидеца махсароде гьабулеб букIараб ахиратги, гьелъул гIазабги.**

**34. Дуца гьел гIадамазе бице МухIаммад, кафурзаби тIаде рахъине гьарун жужахIалда раккизе гьарулеб къоялъул хабар. Гьел кафурзабада абула: «Гьанжеги гьечIишха гьаб ахиратги, гьаб жужахIги хIакъаблъун?»-абун. Гьез жаваб гьабула: «Буго гьеб хIакъаб, нижер БетIергьан, дур цIаралдалъун гьедула ниж, гьеб битIараб букIин чIезе гьабун»-абун.** Гьаб гьа гьеди буго жидедаса гIазаб нахъе чIваялда хьул лъун гьабулеб гьа гьеди. **Гьезда Аллагьасул рахъалъан абула: «Гьанже нужеца гьаб гIазаб чIамеха дунялалда нужеца гьелда инкар ккун букIин сабаблъун»-абун.**

**35. Дуца сабро гьабе МухIаммад, дудаса цере рукIарал жал машгьурал, жидер къасдал шулиял аварагзабаца сабро гьабураб гIадин.** Гьел руго Ибрагьим, НухI, Муса, ГIиса аварагзаби. **Дуца гьел мушриказда гIазаб хех бачIа абун дугIаги гьабуге. Гьезда гьеб гIазаб щвей хIакъаб буго. Гьеб гIазаб жидеда бихьараб мехалъ гьел мушриказда ракIалда ккезе буго жал дунялалда чIаго рукIинчIо абун цохIо къоялъцин.** Жидеда гIазабалъул гуч бихьараб мехалъ ва гьеб гIазаб нахъасан къотIи гьечIеб ва тIаса ин гьечIебги букIин лъараб мехалъ абула мушрикаца: «Ниж дунялалда цо тIобараб къоялъцин чIаго рукIинчIо»-абун. **Гьаб Къурьан буго нужехъе хIакъаб дин щвезабулеб ва нужее ахираталъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолеб ТIадегIанав Аллагьасул калам. Аллагьас гьалаг гьари ва жидер ахир тIагIине гьаби гьабуларо жидеца Аллагьасда инкар ккурал, жидер зулму ва фасикълъи гIемераб къавмалъе гурони.**

Аллагьас гIазаб гьабичIого къавмал нахъе рахъун толеб гIадат буго гьез тавбо гьабилародай абун ва гьел Аллагьасе гIибадат гьабиялда русинародай абун. Гьез тавбоги гьабичIеб мехалъ, гьезул зулму ва гIасилъиги гIемерлъараб мехалъ Аллагьас гьезие гIазаб гьабула ва гьел гьалаг гьарун гьезул ахир къотIизе гьабула.




**Сурату АхIкъафи 46.**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъебералда щуго аят бугеб

**I. XIa. Мим.** ТIадегIанав Алагьасда лъала гьаб кIиго хIарфалдалъун бугеб жиндир мурад.


**2. Гьаб хирияб Къурьан рештIинаби ТIадегIанав Аллагьасдаса буго. Жиндир гуч бергьарав, жиндир гIелмулъай хIакимияв буго гьев Аллагь.**

**3. Дица зобалги ракьги ва гьезда гьоркьоб ва жаниб бугеб кинабго махлукъги бижичIо хIакъаб жоялдалъун гурони ва жиндие цIараб заман щвезегIан гурони. Гьаб махлукъ жинца бижарав Аллагьасда инкар кколел гIадамал жидее кьолеб хIинкъиялдаса руссун чIун руго.**

**4. Дуца гьезда абе МухIаммад: «Нужеца дида бице, нужеда лъалеб батани: Нужеца Аллагьги тун жидее лагьлъи гьабулел гьал хъанчаца щиб жо бижараб гьаб ракьалда тIад бугеб махлукъалдаса? Яги гьел хъанчаз гIахьаллъи гьабуниш ТIадегIанав Аллагьас зобал рижунеб мехалъ? Гьаб нужеца гьабулеб ширк битIараблъун гьабулеб цониги тIехь босун рачIаха нуж гьаб Къурьаналдаса цебе жиб рештIинабураб, яги цересел умматаздаса хутIараб гIелму-хIужжа бачунги рачIаха нуж битIарал ратани гьеб нужеца гьабулеб ширкалъулъ» - абун.**

**5. Жиндир къосин гучав чи щивха вукIинев жинца Аллагьги живго тун щибго жиндир ахIи рагIуларел ва жиндие жаваб кьоларел хъанчазе лагьлъи гьабулев чиясдаса? Къиямасеб къо**

**щвезегIан ахIаниги гьез жаваб кьоларо ва жидеда гьал муширказул жидеда ахIи ва жидее лагълъи гьаби лъаларо.**




**6. Къиямасеб къоялъ гIадамал тIаде рахъинарун махIшаралда хIисаб мизан гьабизе ракIарараб мехалъ гьел хъанчал ва цогидал алагьзаби гьал жидеца ширк гьабуразул тушбабилъун рукIине руго ва гьез инкар гьабизе буго жидее лагълъи гьабиялда.**

**7. Жидее дир Къурьаналъул баянал аятал цIалараб мехалъ жидеца хIакъаб жоялда инкар кколел гьеб жидехъеги щвезабурал гIадамаз абулеб буго: «Гьаб жо баянабго сихIро буго» - абун.**

**8. Инкар чагIаца абулеб буго гьаб Къурьан МухIаммадица ургъараб жо бугин абун. Дуца гьезда абе МухIаммад: «Гьеб Къурьан дица ургъун бугони ва дица гьелдалъун Аллагьасда гIунтIинабун гьереси бицунеб батани, гьев Аллагь вуго жинца дие гIазаб гьабизе бугев ва нужер щибго гьунар букIине гьечIо гьеб гIазаб дидаса нахъ чIвазе. Гьев Аллагь жинда цIакъ лъалев вуго нужеца гьеб Къурьаналъул хIакъалъулъ рицунел гьересиял харбал. Гьев Аллагь гIезе вуго нужееги диеги нугIлъун. Гьев Аллагь вуго жидеца тавбо гьабурал гIадамазул мунагьал чурун гьездаса жив тIаса лъугьунев, жив цо гьавун, жиндие гIибадат бацIад гьабулел муъминзабада жив гурхIулев.**

**9. Дуца гьел муширказда абе МухIаммад: «Дун гьечIо тIоцевесев авараг гьаб дунялалда вачIарав, ва дун вачIун гьечIо гьел аварагзабаца бачIинчIеб цоги батIияб динги босун. Дида лъаларо ТIадегIанав Аллагьас дие щиб гьабилеблъи ва нужее щиб гьабилеблъиги. Дун нахъвилълъарав вуго Аллагьас дида вахIю гьабураб жоялда. Дун вуго нужее хIинкъи кьолев расул, дие баянал хIужжаби ва загьирал мугIжизаталги ругев.**

**I0. Дуца гьезда жегиги абе МухIаммад: «Нуж ургъун рихьеха ва нужеца дида бице, гьаб Къурьан Аллагьасул калам батани ва нужеца гьелда инкарги ккун бугони нужер щиб хIалха букIине бугеб гьев Аллагьасда цере чIараб къоялъ» - абун. Бануисраилазул гIалимчиясда лъана гьаб Къурьан битIараб букIин ва гьес иманги лъуна. Нуж гьаб Къурьаналда иман лъезе чIухIулел руго. Гьеб иш гьабулел гIадамал жидеца зулму гьабулел гIадамал рукIуна. ТIадегIанав Аллагьас гьединаб залимаб ва зулмуяб халкъ хIакъаб исламияб диналда тIоритIуларо.**


**II. Жидеца инкар ккурал мушрикаца муъминзабазул хIакъалъулъ абуна: «Гьез иман лъураб жо хIакъаб ва лъикIаб жо букIараб ани, гьел нижедасан ццере ккезе рукIинчIо гьеб иман лъеялда» - абун. Жидеца гьеб Къурьаналда иман лъечIелъул ва гьелда нахъги рилълъинчIелъул, гьез абизе буго гьаб Къурьан ццебесебго гьереси бугин абун.**

**I2. ТIадегIанав Аллагьас жидеца иманги лъун, аварагзабада нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби Жидеда жаниса гIорал чвахулел алжаналда жанир лъугьизе гьарула.. Аллагьасда инкар ккурал капурзаби ва мушрикал гьаб дунялалъул рукъор хIайванал гIадин жидеца Аллагьасул нигIматал кванан гьездаса лазат босулел рукIула, жидерго гьава-нафсалъул мурадал тIуразе гьарула рукIула.**

Гьезие цоги щибго жоялъул пикруги букIунаро, жидерго чехьалъулги черхалъулги мурад тIубай гуреб. Жидее нигIматал кьолев, жидее сахлъи кьолев, жал рижарав ва хвезе гьарулев БетIаргьан Аллагь вукIиналъул гьез пикру гьабуларо, гьесул нигIматазда щукроги гьабуларо. **Гьаб къавмалъул руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI ва цIакъ квешаб абадияб рукъ буго гьеб.**

**I3. ЦIакъ гIемерал росаби руго МухIаммад, гьаб жиндир къавмалъ мун къватIиве вахъизе гьавураб Маккаялдаса жал кIудиял, жидер агьлоги къуват-гуч бугел рукIарал, дица гьел росабазул агьлаби гьалаг гьарурал ва жидее квер бакъизе щивго чиги вукIинчIел.** Дица гьаб Маккаялъул агьлоялъеги гьединабго гIазаб гьабила ва гьезие вукIине гьечIо жинца квер бакъулев чи.

**I4. Гьел руго алжаназул бетIергьаби, жал даимго рукIинелъун алжаназулъ лъугьинарулел. Гьеб Аллагьасул цIоб рахIмат буго гьезие жидеца дунялалъул рукъоб гьабураб лъикIаб гIамалалда данде бугеб жазаъ.**




**I5. Дица инсанасда васият гьабуна жинца эбел инсуе лъикIлъи гьабе абун. Гьев инсан эбелалъ цIакъ захIмалъи къварилъи бихьун жиндир чохьонив ваччана, гьев гьавиги гьелъие гьединабго захIматаб, хвалида хIинкъараб амро букIана. Чохьониб лъимер баччарабги, хадуб гьеб каранда хахизе гьабурабги заман лъеберго моцI букIана.** Гьаб кинабго заманаялъ эбелалъ гIемер къварилъи баччула гьеб лъимер сабаблъун. Гьаб аяталдаса гIалимзабаца далил босана лъимер чохьониб букIунеб заманалъул бищун дагьаб заман анлъго моцI буго абун. Тохтурзабазул гIелмуялъги абулеб буго анлъго моцI бан хадуб гьабураб лъимер чIаго хутIиялда божи бугеб букIуна абун.

**Цинги гьев инсан кIудияв гIураб мехалъ ва жиндир гIакълоги, къуватги камиллъулеб гIужалдаги вахараб мехалъ:** гьеб буго анцIила микьго соналдаса лъеберго соналда щвезегIан заман. **Цинги жиндир гIумру кIикъого соналда бахараб мехалъ гьев инсанас абуна: «Я дир БетIергьан! Дуца дида лъазе гьабе дица шукру гьабулеб куц дуца дие кьурал кIудиял нигIматазда данде ва дир эбел имсуе кьурал нигIматазада дандеги. Дица мун разилъулеб лъикIаб гIамал гьабизеги лъазе гьабе дуца дида. Мун разияб лъикIаб зурриятги кье дие. Дица тавбо гьабун дун дуде вуссана ва дун тIубанго дуе мутIигIав дур лагълъун лъугьана» абун.**

Гьаб аяталъ муъминчиясул хIал баян гьабулеб буго ва киналго муъминзаби кантIизе гьарулел руго кIикъого сон бараб мехалъ гьев чи гIакъло камилав чи вукIунеблъи ва гьеб заманаялъги жинца тавбоги гьабун жив Аллагьасда вуссинчIони гьелдаса хадуб жив хIакъаб диналда вуссин шакаб иш букIин. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«Лъабкъого сон бараб мехалъги жинца мунагьал гьарулев чиясда Аллагьасул цIим бахъуна»*-абун.


**I6. Гьал цIере рехсарал муъминзаби руго Дица жидеца гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьабулел ва гьезул мунагьалги тIаса лъугьун толел. Алжаналъул бетIергьабазда гьоркьор рукIине руго гьал муъминзаби. Гьаб жазаъ жидее буго дица гьабун букIараб ритIухъаб къотIи тIубазаби.** муъминзабазе къотIи гьабун букIана гьел алжаналда лъугьинарилин абун.

**I7. Жинца жиндир эбел-инсуда «Нужее квеш букIаял» -абун абулев инсан гьез жив иман лъеялда ахIараб мехалъ. Хадубги жинца абулев: «Нужеца дие къотIийиш гьабулеб бугеб, дун хун хадув тIаде вахъине гьавизе вугин абун, дидаса цере гIемерал умматал ана ва гьезул жеги тIаде вахъине гьавурав цониги чи гьечIо!»-абун. Гьесул эбел эменги ругеб хIалалъ жидеца Аллагьасда ахIи балел гьев иманалда тIовитIе абун. Жидеца гьев инсанасдаги абулел ругел: «Вай дуе лъикI букIаяв! Дуца Аллагьасда иман лъе!** Дуца ахират букIинги, хварал тIаде рахъизе гьариги ритIухъ гьабе!. Гьедин гьабичIони мун гьалаглъизе вуго, дуе жужахIалъул гIазабги хIакълъизе буго. **ХIакълъунго Аллагьасул къотIи жиб хIакъаб буго, жиндие хилифлъи гьечIебги буго»-абун.** Гьев инсанас, гьадинаб берцинаб вагIза насихIат бищунго жинда гурхIулел гIадамаз жиндие гьабураб мехалъ, жив чIухIун, гьел эбел имсул мугъ бекизе гьабун, абула: **«Гьаб нужеца дие бицунеб жо гьечIо цереселго гIадамаца рицунел рукIарал, гьез ургъарал гьерсал гурони!»-абун.**

**I8. Гьал гIадамал руго ТIадегIанав Аллагьасул ргIи жидее хIакъларал. Гьел жужахIалъул гIазабалъулъ рукIине руго жидедаса ццере рукIарал гIадамазулги женазулги кафурзабигун цадахъ. Гьел киналго руго жал ахираталда цIакъ чIорого хутIарал гIадамал.**

**I9. Ахираталда щивав инсанасе жинца гьабураб гIамалалда рекъараб даража букIине буго. Гьел киназего Аллагьас тIобараб ва камилаб жазаъ гьабизе буго. Гьезул цонигиясе зулмуги гьабизе гьечIо.**

**20. Къиямасеб къоялъ кафурзаби жужахIалде раккинарулеб гIуж рехсе МухIаммад, дуца гьел муширказе вагIзалъун. ЖужахIалъул пардав борхун кафурзаби гьелда гIагар гьарураб мехалъ гьезда бадиб чIвай гьабун абула: Нужеца дунялалда ругеб мехалъ нужеего кколел нигIматаздаса мунфагIат босана. Жакъа нужеда чIамизабизе буго нуж цIакъ гIодорегIан гьарулеб, хIакъир гьарулеб жужахIалъул гIазаб, нуж дунялалда чIухIун хьвадиялъе жазаълъун, нуж чухIизе щибго сабабги букIинчIого. Ва нужеца ракьалда тIаде гьабураб гIасилъи фасикълъиялда данде бугеб жазаъ буго гьеб гIазаб.**




**2I. Гьал мушриказе дуца бице МухIаммад Гьуд аварагасул къисаги, гIадилазда жив авараглъун витIун вукIарав. Гьев Гьуд аварагас жиндир къавмалъе Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьуна АхIкъаф абураб ракьалда жал рукIарал. Аллагьас гьев Гьуд аварагасда ццереги гIемер аварагзаби ритIана, гьесдасан хадурги ритIана.** Гьел киназулго дин Аллагь цо гьави букIана. **Гьудица жиндир къавмалъе хIинкъи кьун абуна: «Нужеца лагълъи гьабуге цохIо Аллагьасе гурони! Дун хIинкъулев вуго нужеда къиямасеб къоялъул гIазаб щвелин абун нужеца Аллагьасдехун ширк гьабуни ва гьев Аллагьасе гIицI гьабун гIибадат гьабичIони» - абун.**

**22. Гьудил къавмалъ абуна: «Мун вачIунищ вугев ниж нижерго алагьзабаздаса руссинаризе! Мун нижее гIазаб букIине бугин абураб ргIиялъулъ битIараб жо бицунев ватани, мун вачIаха гьеб дуца къотIи гьабураб гIазабги бачун» - абун.**

**23. Гьуд аварагас абуна: «Гьеб гIазаб кидал нужее гьабилеб Аллагьасда лъала.** Гьев вуго жинца гIазаб гьабулев. **Дун вуго Аллагьас дида тIад къараб рисалат нужехъе щвезабулев расул. Дида нуж рихьулел руго цIакъ жагьилаб къавмлъун» - абун.**

**24. Цинги жидеда цо накIкI бихьараб мехалъ жидер ракьалдахун зобал цIун бачIунеб гьез абуна: «Гьаб буго нилъее цIад базе бачIунеб накIкI» - абун.** Амма гьеб цIад базе бачIунеб накIкI букIинчIо. **Гьеб букIана ГIадилаца жиб бачIин тIалаб гьабулеб букIараб Аллагьасул гIазаб. Гьеб буго кутакаб гьури, жибгун цадахъ жинца цIакъ унтизабулеб гIазаб бугеб.**

**25. Аллагьасул амруялдалъун жиб тIаде щвараб щинаб бакI жинца гьалаг гьабулеб гьури буго гьеб. Аллагьас гьел ГIадилал гьалаг гьарун тIагIинаруна ва гьезул нахъе хутIараб жо буго жидер чIунтарал росаби. Гьадинаб жазаъ гьабула Дица жидеца капру-ширкалдалъун мунагьал гьарулел гIадамазе.**


Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасица абуна*: «ТIадегIанав Аллагьас гьуриялдалъун гьалаг гьарурал къавмазул тIоцересел ГIадилал рукIана. Гьеб гьороца гIадамалги, хIайваналги хIули гIадин зодоре росун унел ркIана жал рихьулареб бакIалда щвезегIан, цинги гIодоре рехун ракьалда тIад тIутIун, тиршун унел рукIана»-абун. Жинда Аллагь разилъаяй ГIаишатидасаги хIадис бицана. Гьелъ абуна: «Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда накIкI бихьараб мехалъ, кутакаб гьуриниги бихьараб мехалъ гьесул гьумералда хIинкъиялъул гIаламат лъалеб букIана. ГIаишатица цо нухалъ аварагасда абуна: «Я Бичасул расул! ГIадамал рохула накIкIги гьуриги бихьараб мехалъ жидее цIад балин абун. Мун щай гьелъ хIинкъизе гьавулев?»-абун. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:*

*«Я ГIашат! Гьеб накIкIалдаги гьуриялдаги цадахъ гIазаб батунгутIиялда божуларо дун. Аллагьас цо къавм гьалаг гьабуна гьуриялдалъун, жидеда гьебги кколеб букIана жидее цIад базе бачIунеб накIкI буго»*-абун.

**26. Дица гьел ГIадилазе дунялалда нужее кьечIеб къуватги, бечелъиги, гIумру халалъиги кьун букIана, я гьал Маккаялъул гIадамал! Дица гьезие бералги рижана хIакъаб жо бихьине, гьеб рагIине гIундулги гьаруна. ХIакъабжоялъул пикру гьабизе, гьеб лъазе ракIалги кьуна. Ва амма гьез Аллагьасул аятазде инкар ккураб мехалъ, гьесул аварагги гьереси гьавураб мехалъ, гьезие щибго мунфагIат гьабичIо беразги, гIундузги, ракIазги. Гьезда тIад рештIана аварагас жиндалъун хIинкъи кьолеб букIараб ва гьез жиб махсароде гьабулеб букIараб гIазаб.**

**27. Цогиги нужеда сверухъ рукIарал росабазул къавмалги гьалаг гьаруна дица.** Самудиял, Сабаалъул ва ЛутIил къавм, ва цогидалги. **гьезие батIи батIиял гIаламатал ва мугIжизаталги рихьинарун хадуб. Гьел жидер купру-ширкалдаса руссине бокьун ва Аллагь цо гьавун, гьесие гIибадат гьабиялда расине бокьун.**

**28. Гьеб гIазаб ва гьалаглъи жидеда бачIараб мехалъ гьел Аллагьасда гIасилъарал къавмазе квер бакъи гьабун букIарабаниха жидеца алагьзабилъун ккун рукIарал хъанчаз ва цогидалги жалаз.** Гьез жидее шафагIат гьабизе бугин абун, жал Аллагьасда гIагар гьаризе ругин абун Аллагьасе гьабизе кколеб лагълъи жидеца гьел алагьзабазе гьабулеб букIарал! Жидеца мушриказе щибго квер бакъи гьабичIо гьезда тIаде гIазаб рештIараб мехалъ. **Гьел алагьзаби рикIкIалъана бищунго жидеда хIажалъи ккараб мехалъ. Цересел къавмазда щвараб гIазаб ва гьалаглъи букIана жидеца Аллагьасда инкар кквей сабаблъун, гьесие гIахьалчагIи руго абун гьереси бицун хъанчазе лагълъи гьаби ва Аллагьасде гIасилъиги сабаблъун.**




**29. Дица духъе женазул цо къукъа битIараб заманги бице МухIаммад дуца гьеб къавмалъе вагIазалъун букIине. Гьел женаз гIин тIумуна дуца цIалараб Къурьаналда. Жал Къурьан цIалулеб бакIалда щвараб мехалъ гьез цояз-цоязда абуна: «Нуж руцIцIун чIа, ва нуж гьаб Къурьаналда гIенекке» - абун. Цинги Къурьаналда гIин тIамун хадуб гьел женал жидерго къавмазухъе ана ва гьез гьел къавмазе хIинкъи кьуна нуж Аллагьасдаса хIинкъа абун.**

**30. Гьел женаз жидер къавмазда абуна: «Я нижир къав! Ниж гIенеккана Муса аварагасдаса хадуб жиб рештIинабураб тIехьалда. Гьеб тIехьалъ жиндасан ццебеккун рештIинабураб Тавратги ритIухъ гьабулеб буго. Гьеб тIахь буго жинца хIакъаб диналда ва битIараб исаламияб нухалдаги тIоритIулеб.**

**3I. Нужеца гьав жинца Аллагьасда ахIулев расуласе жаваб кье я нижер къавм! Нужеца гьев МухIаммадида иманги лъе! Аллагьас нужер цересел мунагьал чуризе руго ва нуж квешаб гIазабалдасан цIунизе руго.**


**32. Жинца Аллагьасда ахIулев чиясе жаваб кьечIев ва гьесда иман лъун Аллагьасе гIибадат гьабичIев чи Аллагьасул гIазабалдаса ворчIине гьечIо, гьесие ракьалда тIад вахчине бакIги букIине гьечIо. Гьезие Аллагь гурев цоги Вали ва квер бакъунев чиги вукIине гьечIо. Гьел руго цIакъ баянаб къосиналъулъ ругел гIадамал» -абун.**

**33. Гьал гIадамаз пикру гьабуларищ ва гьезда лъаларищ жинца гьал зобалги ракьги бижарав Аллагь, ва гьел рижулаго жинда щибго захIмалъиги бихьичIев, гьев Аллагь вукIин жинда хун хадур гIадамал чIаго гьарине ва тIаде рахъинарине кIолев? Гьев Аллагь вуго кинабго жоялда жиндир хIал кIолев ва жиндие бокьараб жо гьабизе жив щибго жоялъ нахъ чIваларев.**

**34. Дуца гьел гIадамазе бице МухIаммад, кафурзаби тIаде рахъинарун жужахIалда раккинарулеб къоялъул хабар. Гьел кафурзабада абула: «Гьанжеги гьечIишха гьаб ахиратги, гьаб жужахIги хIакъаблъун?» - абун. Гьез жаваб гьабула: «Буго гьеб хIакъаб, нижер БетIергьан, дур цIаралдалъун гьедула ниж, гьеб битIараб букIин чIезабун» - абун. Гьезда Аллагьасул рахъалъан абула: «Гьанже нужеца гьаб гIазаб чIамеха дунялалда нужеца гьелда инкар ккун букIин сабаблъун» - абун.**

**35. Дуца сабро гьабе МухIаммад, дудаса ццере рукIарал жал машгьурал, жидер къасдал шулиял аварагзабаца сабро гьабураб** гIадин. Гьел руго Ибрагьим, НухI, Муса, ГIиса аварагзаби. **Дуца гьел мушриказда гIазаб хех бачIа абун дугIаги гьабуге. Гьезда гьеб гIазаб щвей хIакъаб буго. Гьеб гIазаб жидеда бихьараб мехалъ гьел мушриказда ракIалда ккезе буго жал дунялалда чIаго рукIинчIо абун цохIо къоялъцин. Гьаб Къурьан буго нужехъе хIакъаб дин щвезабулеб ва нужее ахираталъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолеб ТIадегIанав Аллагьасул калам. Аллагьас гьалаг гьари ва жидер ахир тIагIинаби гьабуларо жидеца Аллагьасда инкар ккурал,** жидер зулму ва фасикълъи гIемераб **къавмалъе гурони.**

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул АхIкъафалъул тафсир ва таржама хъван тIубана. Кинабго рецц ва шукру ТIадегIнав Аллагьасе буго.




**Сурату МухIаммад 47.**

Мадинаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб лъебералда микьго аят бугеб.

**I. Жидеца Аллагьасда инкар ккурал, гьев Аллагьасул диналдаса цогидал гIадамалги нахъе чIварал гIадамал руго жидеца гьабураб лъикIаб гIамал тIагIинабурал, гьеб батIул гьабурал гIадамал.**

**2. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал, жидеца МухIаммад аварагасда рештIинабураб Къурьаналдаги иман лъурал: Гьеб Къурьанги щибго жиндилъ шаклъи гьечIеб, жиб хIакъаб жидер БетIергьан Аллагьасул калам буго. Гьал гIадамазул Аллагьас мунагьал чурула ва гьезул хIалги лъикI гьабула** динияб ва дунялалъул рахъалъан.

**3. Гьаб хIукму гьадин букIиналъе сабаб буго капурал гIадамал рукIин жал батIулаб жоялда нахърилълъарал. жидеца иман лъурал гIадамал рукIинги Аллагьасул рахъалъан бугеб хIакъаб диналда нахърилъарал. Гьадин мисалал рачун Аллагьас гIадамазда бичIинабула жиндир дин: гьез пикру гьабизе ва вагIза босизе.**

**4. Нужеда капурал гIадамал рагъда данде чIвараб мехалъ нужеца гьезул габуралда хвалчен кьабе!** Гьел чIвай ва гьезда кутакаб кьаби щвезабе! **Цинги нужеца гьел гIемер чIван, лъукъун нужеда данде рагъизе кIоларел гьарураб мехалъ нужеца гьел асир гьарун квараз рухьун щула гьаре! Хадуб нужее бокьани гьезие цIоб рахIмо гьабе ва гьел асирлъиялдаса хвасар гьаре:** мухь босичIого, бокьани боцIи-мал босун хвасар гьаризеги бегьула. **«Нуж гьезда рагъе гьел капурзаби къун нужеца ярагъ гIодоб лъезегIан ва нужеда тIад букIараб рагъалъул бакIлъи тIасса инегIан»** - абун. **Гьаб цебехун рехсараб амро буго муъминзабадаги капурзабадаги гьоркьоб бугеб. Аллагьасе бокьарабани гьесда кIолаан нуж рагъизего тIамичIого капурзабадаса ццим босине. Аллагьас гьаб иш гбабуна нужер цоязул цогидаздалъун хIал бихьи гьабизе. Аллагьасул диналъе гIоло шагьидлъарав чиясул гIамал батIул гьабуларо Аллагьас.** Гьезие гIемерго цIикIараб ажро гьабула.

**5. Аллагьас гьел муъминзаби жидее мунфагIат бугеб жоялда тIоритIула. Гьезул дунялалъулги ахираталъулги амроги Аллагьас лъикI гьабула.**

**6. Ахираталда Аллагьас гьел щивасе лъазабураб алжаназда жанирги лъугьинарула.** Щивав муъминчиясе жиндир чIолеб бакI лъала. Цоги магIна гьабуна: Гьуин махIал гьарун чIухIинарун къачIарал алжаналъуре лъугьинарула гьел муъминзаби абун.


**7. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца Аллагьасул диналъе квер бакъи гьабулеб бугони Аллагьас нужее квербакъула ва рагъда хIинкъичIого рукIине гьунарги кьола.**

**8. Жидеца Аллагьасда инкарги ккун жал Аллагьасул диналде данде рагъунел гIадамал Аллагьас гьел гIодогIан гьареги ва хIакъир гьареги!**

**9. Гьеб квешаб дугIа ва гIодогIанлъи гьезие буго жидее Аллагьас рештIинабураб Къуръан рихун бугелъул. Жидеца иманги лъечIого гьабураб лъикIаб гIамал Аллагьас гIададе хвараблъун гьабула.**

**I0. Гьал кафурал гIадамал ракьалда тIаде хьвадуларищ? Гьез пикруги гьабуларищ жидедаса ццере рукIарал къавмазул ахир киндай ккана абун. Жидеца Аллагьасде гIассилъи гIемер гьабураб мехадъ, Аллагьасул русулалги гьереси гьаруараб мехалъ гьел къавмал гьалаг гьаруна.** Гьезул боцIи-малги хъизан-лъималги минаби-кIалгIабиги кинабго кIала гъокье чIвазе гьабун цоцаде жубазе гьабун ракьалда сверизе гьабуна. **Гьал Маккаялъул кафураб агьлуялъеги дол къавмазе гьабуралда релълъараб гIазаб ва гьалглъи гьабизе кIола ТIадегIанав Аллагьасда.**

**II. Гьадинаб гучаб гIазаб ва гьалаглъи капурзабада щвезабиялъе сбаб буго ТIадегIанав Аллагь вукIин муъминзабазул Вали. Жинца гьезул умуразул тадбир гьабулеб ва гьезие квербакъи гьабулев. Гьал капурал гIадамал рукIин жидер милат гьабулев вали гьечIел гIадамал.** ХIакъикъияв Вали Аллагьасда гьез инкар ккун буго. Гьесда инкарги ккун жидее лагълъи гьабулел алагьзабиги щибго жидер гьунар гьечIел, жидер рухI ва гIакъло гьечIел, гьел мушриказул квераз гьарурал хъанчал руго, яги гьел мушриказдаго релъараб Аллагьасул махлукъ буго. ТIадегIанав Аллагь вуго жидеца иман лъурал гIадамазул Вали, ва гьезие квербакъи гьабулев, гьезул тадбир гьабулев гьезул БетIергьан.




**I2. ТIадегIанав Аллагьас жидеца иманги лъун, аварагзабада нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби Жидеда жаниса гIорал чвахулел алжаналда жанир лъугьизе гьарула.. Аллагьасда инкар ккурал капурзаби ва мушрикал гьаб дунялалъул рукъор хIайванал гIадин жидеца Аллагьасул нигIматал кванан гьездаса лазат босулел рукIула, жидерго гьава-нафсалъул мурадал тIуразе гьарула рукIула.** Гьезие цоги щибго жоялъул пикруги букIунаро, жидерго чехьалъулги черхалъулги мурад тIубай гуреб. **Гьаб къавмалъул руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI ва цIакъ квешаб абадияб рукъ буго гьеб.**

**I3. ЦIакъ гIемерал росаби руго МухIаммад, гьаб жиндир къавмалъ мун къватIиве вахъизе гьавураб Маккаялдаса жал кIудиял, жидер агьлоги къуват-гуч бугел рукIарал, дица гьел росабазул агьлаби гьалаг гьарурал ва жидее квер бакъизе щивго чиги вукIинчIел.** Дица гьаб Маккаялъул агьлоялъеги гьединабго гIазаб гьабила ва гьезие вукIине гьечIо жинца квер бакъулев чи. ибну ГIаббасица абуна: *«Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Абубакр асхIабгун цадахъ «Савро» абулеб нохъокье лъабго къоялъ рахчунги рукIун, гьениса къватIире лъугьун гьижра гьабун Мадинаялда унеб мехалъ Маккаялдехун вуссун, гьелъулгун къолъикI гьабун аварагас абуна: «Мун буго Аллагьасе бищун бокьулеб шагьар. Мун буго диеги бищунго бокьулеб шагьар. Дур къавмалъ дун къватIиве вахъинавун вукIинчIевани дун гьаниса къватIиве вахъине вукIинчIо»*-абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIине гьабуна (I3 абилеб аят).

**I4. Аллагьасул (عز وجل) рахъалъан хIакъаб нухалда вугев чи релъулъун вукIинищ жиндирго квешаб гIамал жиндие шайтIаналъ берцинаблъун бихьинабун хьвадулев чиясда? Жидер гьаваялда нахъ рилъулъун жидеца гьеб гьаваялъе лагълъи гьабулел гIадамал руго гьел.**


**I5. Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамазе жиб къотIи гьабураб алжаналъул сипат буго: Жинда жаниса жиб бацIадаб, жиндир кьер-махI хисулареб лъималъул гIорал - лъарал хьвадулел берцинал ахазул мисал. Гьединалго жиб бацIадаб жиндир тIагIам хисичIеб рахьдал гIоралги жанисан чвахунел, жиб гьекъолеб мехалъ жиндир тIагIам лазатаб ва жиб гьекъезе бокьулеб хамродал гIоралги чвахулеб. Жиб бацIадаб гьоцIоялъул гIоралги чвахулеб. Гьел муъминзабазе алжаназда жаниб гьезие бокьараб щинаб пихъги букIуна. Гьел нигIматазда тIадеги муъминзабазе алжаналда жаниб Аллагь разилъи ва гьесул гурхIел-рахIмоги букIуна. Гьал берцинал ва хириял нигIматал жидее ругел муъминзаби релъулъун рукIилишха жив жужахIалда жанив лъугьинавурав капурчиясда? Жидеда бухIараб, махIцараб хIамимги гьекъезабулел, гьеб хIамималъ жидер бакьалги къотI-къотIун ралеб.**

**I6. Гьел гIадамаздаса цо къукъа буго жал дуда аскIор ругеб мехалъ дуца бицунеб хабарада гIенеккун рукIунел. Цинги дуда аскIоса рахъун араб мехалъ жидеца жидее гIелмулъай кьурал асхIабзабаде абулел: «Гьав МухIаммадица щиб жо бицунеб букIараб гьанже нилъеда»-абун.**

**Гьел руго Аллагьас жидер ракIазда мугьру чIварал гIадамал, гьезул ракIазулъ иман лъугьуларо. Гьел руго жидерго гьава-нафсалда нахърилъулъун ругел гIадамал.** Гьезда кигIан гIемер бицаниги хIакъаб жоги бичIчIунаро.

**I7. Жал хIакъаб диналда тIоритIарал муъминзабазе гьев аварагасул каламалда гIенеккиялъ Аллагьас жегиги тIоритIел цIикIинабула. Гьезие тавфикъ гьабула лъикIаб гIамал гьабизе, гьезие Аллагьасдаса хIинкъиги кьола.**

**I8. Гьал кафурзабиги мунафикъзабиги балагьун чIараб жо бугушха жидеда ракIалдаго гьечIого жидеда тIаде къиямасеб къо бачIиналда гурони? Гьеб къиямасеб къо гIагарун букIиналъул гIаламатулги рачIун руго.** Гьездаса буго ахир заманалъул авараглъун вугев жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вачIун вукIин. **Гьеб къиямасеб къо тIаде щвараб мехалъ гьезда Аллагь ракIалде щвана абун, гьесда ахIи бана абун, гьезие щибго мунфагIат букIуларо.**




**I9. Мун тIад чIа МухIаммад «Лаилагьа иллагь» абураб Аллагь цо гьавулеб рагIи абуиялда ва гьелда халкъ ахIиялдаги. Дуца Аллагьасдаса мунагьал рахчиги тIалаб гьабе дурго нафсалъе, хадуб кинабго муъминзабазеги: бихьиназе ва руччабазе. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца дунялалда гьабулеб кинабго гIамал ва нуж ахираталда руссунеб бакIги.**

**20. Жидеца иман лъурал цо гIадамаз абулеб буго: Аллагьас суратгIаги рештIизе гьабулеб анищ жинда жаниб жигьадалъул амро бицараб»-абун.** Гьел руго иманалъулъ ритIухъал, жидер Аллагь разилъи гуреб цоги мурад гьечIел муъминзаби. Гьезие бокьун буго аварагасе квер бакъи гьабун исламияб диналъул тушбабазда рагъизе. **Цинги Аллагьас жиб мухIканаб, жиндир хIукму хвезе гьабулареб сурат рештIизе гьабураб мехалъ жинда жаниб жигьадалъул амро бицараб, дуда жидер ракIазулъ мунафикълъи бугел гIадамал рихьизе руго МухIаммад, дуда жал балагьулелъун жидеда тIаде хвел бачIун, гьелъ мехтизе гьавурав чи валагьулеб хIалалъ: жив хIинкъун, жиндир гIакълогун. Квешаб къо чIагиха гьел гIадамазда!** Жидеца Аллагьги гIадамалги махсароде ккола руго абун жидер ракIалда кколел гIадамал руго гьел. Амма гьез жидерго нафсал руго

махсароде кколел ва гьезул ахираталда русунеб бакIги бищунго квешаб жужахI буго: Цогидал жужахIаз жиндир гIазабалдаса цIунаги абун гьарулеб.

**2I. Гьел гIадамазе дунялалдаги ахираталдаги жидее лъикIаб жо буго МухIаммад, дуе жал мутIигIлъи ва дудехун берцинаб рагIи бициги.** Мун гуккуизе абун лъугьичIого, Аллагь гуккизе абун лъугьичIого. **Аллагьас мухIканаб хIукму гьабураб мехалъ ва жидеда тIад жигьад гьабиги паризаяблъун гьабураб мехалъ, гьез Аллагьасда ритIухъаб иман лъун букIараб ани ва Аллагьасе гIоло гьеб жигьад гьабизе ниятги гьабун букIарабани гьеб иш гьезие цIакъ лъикIаб амро букIана.** Жидерго рекIелъ бугеб нифакъ загьир гьабун, гьеб реххун тезе кIоларого, шакдарила рукIиналдаса.

Къатадат абулев гIалимас абуна: «Къурьаналда жаниб цониги аят гьечIо жиб жигьадалъул бицун рештIинабураб, хадуб жиндир хIукму насхо гьабураб»-абун. Гьаб рагIиялъул мурад буго цо-цо гIадамазул жигьадалдехун бугеб пикру мекъаб букIин баян гьаби. Гьез абулеб буго жигьад гьабизе ккани «Имамул агIзам» вукIизе ккола абун: ай киналго бусурбабазул имам. Амма гьел гIадамаца жаваб кьолеб гьечIо: гьев «имамул агIзам» гьечIеб мехалъ бусурбабаца щибха гьабизе кколеб?»-абураб суалалъе.

**22. Нужер къасдищ бугеб нуж исламияб диналдасаги руссун, доб ццебе букIараб жагьилияб заманалъгIадин, ракьалда тIад пасалъи гьабулеллъун рукIине ва цоцадаса гурхIел-рахIмо къотIунги рукIине?**

**23. Гьаб гIадамал жидеца гьабулел гIадамал руго Аллагьас жидее лагIнат кьурал, жиндир рахIматалдаса гьес рикIкIад гьарурал. Аллагьас гьезул гIундулги гIинкъ гьарун руго жидеда хIакъаб жо рагIиялдаса, гьезул бералги бецц гьарун руго хIакъаб жо бихьиялдаса.** Аллагьас гьел гIадамал хIайваназда релълъизе гьаруна жидер гIакъло гьечIолъиялъул рахъалъан.

**24. Гьел гIадамаз гьаб хирияб Къурьаналъул пикру ва тадбир щай гьабулареб?** Гьезул ракIазда тIад Аллагьас кIулал ран руго. Гьезда жаниб щибго жо лъугьулеб гьечIо.

Гьал аятаздасан мурал буго: Аллагьасул Къуръаналдаги гIенеккуларев, гьесул расуласда нахъги вилълъуларев чи Аллагьас жиндирго хIалалда тола, гьев жиндир рахIматалдаса рикIкIкадги гьавула, ахираталда гьесие жужахIалъул гIазабги гьабула абураб.

**25. Жидеца иманги лъун букIун хадуб гьеб иманалдаса руссарал гIадамал, жидее хIакъаб динги баян гьабун хадуб,** жидерго жагьиллъиялда руссарал руго **шайтIаналъ жидеда гьеб гIамал берцин бихьинабурал ва жидер дунялалда хьул лъезабурал.**

**26. Гьел гIадамал муртадлъиялъе сабаб буго жидеца Аллагьасул Къурьан рихарал ягьудазда балъгого абун букIин ниж нужее мутIигIлъизе руго цо-цо амруялъулъ абун. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго гьез балъго бицулеб жоги.**

**27. Щиб хIалха букIинеб гьал мунафикъал ва муртадлъарал гIадамазул малаикзабаца гьурмалги, мугъалги рухулаго жидер рухI бахъулеб мехалъ**?

**28. Гьезие гьеб гIазаб гьабиялъе сабаб буго жал Аллагьасул ццим бахъулеб гIамалалда хьвадун рукIин, гьезие Аллагь разилъулеб гIамал гьаби ва Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабиги рихун букIин. Гьеб жидер къабихIаб гIамалалъ жидеца гьабураб кинабго лъкIаб гIамал гIададе хвараблъун гьабуна.**

**29. Гьел жидер рекIелъ нифакъалъул унти бугел гIадамазда ракIалдайщ ккоелб бугеб Аллагьас жидер рекIелъ бугеб унти гIадамазда загьир гьабичIого телин абун?**


**30. Дие бокьун букIарабани МухIаммад, дица дуда гьел мунафикъзабазул гьурмал рихьинарун дуе гьел загьир гьарилаан ва дуда гьезул щивасул сипат-сурат лъазе букIана. Дуда гьел мунафикъзаби гьезул рагIабаздалъунги загьирлъизе руго. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужер киналго гIамалал.**

**3I. Дица нужер цIакъ хIал бихь гьабила, я гьал муъминзаби,** жигьад гьабе абун амро гьабун ва цогидалги захIматал амраби тIаде къан. **Гьелдалъун дица загьир гьарила нужер Аллагьасе гIоло жигьад гьабулел ва Аллагьасул нухалда чIун сабро гьабулел муъминзаби щалдай руго абун. Ва дица хIал бихьи гьабила нужер киналго рагIабазул.**

**32. Жидеца Аллагьасда инкар ккурал гIадамаз, жидеца цогидал гIадамалги Аллагьасул диналдаса нахъе чIварал, жидеда Аллагьасул хIакъав авараг вукIин лъан хадуги жидеца аварагасде тушманлъи гьабурал, гьесда мутIигIлъичIел: гьал гIадамаз щибго къварилъи-зарал гьабуларо Аллагьасе. Аллагьас гьез гьарурал лъикIал гIамалалги гIададе хвараллъун гьарула.**

**33. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасеги гьесул расуласеги мутIигIлъе! Гьал** мунафикъал ва муртадлъарал гIадамазул пиша гьабун **нужер гIамал гIададе хвезабуге!**

**34. ХIакълъунго жидеца Аллагьасда инкарги ккун, гьесул диналдаса гIадамалги нахъе чIван, цинги жал гьеб купру-ширкалдаго хварал гIадамазул Аллагьас кидаго мунагьал чуруларо ва гьел абадияб жужахIалъул гIазабалъулъ рукIула.**





**35. Нуж тушманасдаса загIиплъуге, гьесдаса хIинкъуге ва нужеца гьев рекъел гьабиялда ахIуге. Нуж руго тIадегIан ругел.** Нуж муъминзаби ругелъул Аллагь разилъи тIалаб гьабун рагъулел. Гьел капурзаби ругелъул Аллагьасул диналда данде ругъулел. **Аллагь нужгун цадахъ вуго жинца нужее квер бакъулевлъун. Гьев Аллагьас нужер лъикIаб гIамалалдаса щибго жо нукъсан гьабуларо.**

Гьаб цо аяталда жаниб чанго батIияб хIукму бицун буго капурзабада рагъ гьабиялъул къагIида баян гьабун. *Бищунго кIвар бугеб хIкму буго* рагъ гьабизе абун къватIирги рахъун тушманасда данде чIван хадуб гьесда бусурбабаца жидер хIинкъи ва загIиплъи бихьизе гьабизе бегьун гутIи. Гьеб загIиплъи муъминзабазе кин бегьилеб жидеца тIалаб гьабулеб шагьадат щвеялъе рес рекъараб бакI бугелъул гьеб рагъ.

**36. Гьаб дунялалъул чаголъи буго жиб гIададисеб махсаро-хвечI гIадаб жо**. Дагьабго мехалъ букIунеб, цинги жиб тIаса унеб. **Нужеца Аллагьасда иман лъуни ва нуж гьев Аллагьасда гIасилъизеги хIинкъани, Аллагьас нужее гIемерго цIикIараб ажро кари кьола. Нужедаса Аллагьас боцIималги тIалаб гьабулеб гьечIо.**

**37. Аллагьас нужедаса боцIимал кьейи тIалаб гьабулеб букIараб ани, гьеб тIалабги кинабго боцIи кье абун тIад чIун гьабулеб амро букIарабани, нуж бахиллъизе рукIана гьеб кьезе ва нужеца исламияб диналдахун рокьукълъи загьир гьабизе букIана.**

**38. Я гьал иман лъурал гIадамал! Я гьал Аллагь вокьулел муъминзаби! Гьанже нужеда амро гьабулеб буго нужер ракI разилъараб нафакъа кье абун Аллагьасул диналъе гIоло гъазават гьабизе квер бакъиялъе. Гьадин загьиралдаго амроги гьабун Аллагьасул нухалда нафака кьеялда ахIараб механъги нужедаса цо гIадамал руго гьеб нафакъа кьезе бахиллъулел, гьеб боцIи-мал жидерго хъатикье кколел. Гьедин бахиллъун жинца Аллагьасул диналъе квер бакъи гьабизе напакъа кьечIев чи вуго жиндирго напсалъе зарал гьабун бахиллъарав чи.** Гьеб бахиллъиялъ жиндие ахираталда щвезе букIараб ажро-кири нукъсан гьабулеб бугелъул. **ТIадегIанва Аллагь жив цIакъ бечедав вуго, нужер нафакъа-сахIалда хIажатав гьечIо. Нуж руго цIакъ пакъирал, Аллагьасул цIоб рахIматалда хIажатал гIадамал. Нуж Аллагьасе мутIигIлъиялдаса рахъани, гьесул амро тIубазе гьабиялдаса руссунги чIани, Алагьас нужги нахъе рачун, нужер бакIалда цоги къавм гьабила: жал Аллагьасе цIикIун мутIигIал ва гьесул амро тIубзе хехлъи гьабулел. Гьел гIадамал нужеда релъъаралги рукIине гьечIо.** Аллагьасул диналъе гIоло ва Аллагь разилъи тIалаб гьабун боцIи-мал кьезе бахиллъулел рукIине гьечIо.




**Суратул ФатхIи 48.**

Мадинаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб къоло ичIго аят бугеб.

**I. Дица дуе Макка шагьар рагьана жиб баянаб, жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб рагьиялдалъун.** Дица дуе хIукму гьабуна МухIаммад, мун дур тушбабаздаса бергьизе вукIиналдалъун. Гьаб къотIи буго Аллагьас жиндие хирияв аварагасе Макка рагьизе кIиго соналъ цебего гьабураб къотIи. Гьаб къотIи гьабураб ва гьаб сурат рештIизе гьабураб заман буго гьижраялъул анлъабилеб соналъул зулкъагIидат моцIалъ. Макка рагьи букIана гьижраялъул микьабилеб соналъ.

**2. Дица дуе гьаб рохел бицунеб буго МухIаммад, дур цересел ва хадуселги мунагьал чуризе.** Гьаб рагIи буго Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бугеб хиралъи. Цереселги, хадуселги мунагьал чурана абараб рагIиялъул магIна буго, гьев хирияв авараг жинца мунагь гьабуларев вукIин, жив Аллагьасе тIагIат гIибидат гьабиялда тIад чIарав вукIин. **Аллагьас дуе кьараб нигIматги тIубазе гьабизе.**

Аллагьас гьесие кьураб нигIматги буго гьев аварглъун гьави, гьесухъе хирияб къурьан рештIине гьабиги. Гьеб нигIмат тIубазе гьаби буго исламияб дин бергьизе гьаби ва Аллагьасул дин ракьалда тIаде тIибитIизе гьаби.

**Аллагьас мун битIараб нухалдаги тIовитIизе.** Дуда Аллагьас вахIю гьабураб дин умматалъухъе щвезабун, гьел битIараб исламияб диналда тIоритIун, гьелдалъун гьел муъминзаби алжаналда лъугьулеб нухалда ритIун ккезе гьаризе.

**3. Аллагьас дуе квер бакъиги гьабизе мун кIодо гьавулеб ва дур тушбаби гIодогIан гьарулеб квербакъи гьабиялъ.**

**4. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца муъминзабазул рекIелъ хIалхьей ва гIодоре риччай рештIине гьабурав. Гьезул иман жинца жегиги цIикIине гьабизе. Гьев Аллагьасул боял руго зобалаздаги ракьалдаги ругел боял.** ГIадамазул боял рукIа, Малаикзабазул боял рукIа, хIайваназул боял рукIа. Гьединго Аллагьасул боял руго жинца жинда гIассилъарал гIдамазе гIазаб гьабизе ритIунел гьуралги, накIкIалги, зоб гъугъай, ракь багъариги. Гьединал боял гIемерал руго ТIадегIанав Аллагьасул.

**5. Аллагьас жиндир лагъзадерида жигьад фарз гьабуна Аллагьасда иман лъурал ва гьесул амруялда нахърилъарал бихьиналги руччабиги алжаналда жанир лъугьинаризе. Жидеда жанисан гIорал чваххулел, жидер пихъал тIагIамал ахазда жанир даимго рукIуна гьел муъминзабаи. Гьездаса Аллагьас мунагь-хатIаъги тIаса инабула.** Гьаб алжаналда дъугьинари ва мунагь хатIаъ тIаса инаби **Аллагьасул рахъалъан бугеб кIудияб цIоб рахIмат буго ва абадияб бахьи буголъиги буго.**


**6. Аллагьас жигьад фарз гьабуна жинца мунафикъал бихьиназе ва руччабазе гIазаб гьабизе, гьединго жидеца Аллагьасдехун ширк гьабулел бихьиназе ва руччабазе гIазаб гьабизе. Жидеца Аллагьасул хIакъалъулъ квешаб пикраби гьарулел ва гьересиял харбалги рицунел гьел мунафикъзаби ва мушрикал. Кинабго квешлъи ва гIазаб ахираталда гьезда тIаде сверизе буго. Аллагьасул ццим бахъи ва гьесул лагIнатги буго жидее. Гьезие хIадурун жагьаннамаги буго. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха жидее гьеб жагьаннама!**

**7. ТIадегIанав Аллагьасул руго зобалаздаги ракьалдаги ругл киналго боял! Гьев Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав,** жинда гIассилъараздаса ццим босизе кIолев, **Жиндир кинабго амроялъулъ хIакимияв.**

**8. Дица мун витIун вуго МухIаммад, къиямсеб къоялъ кинабго халкъалъе дуца нугIлъи гьабизелъун.** Гьезухъе аварагзабиги рачIана, гьел хIакъаб диналдаги ахIана абун. **Гьаб дур**

**умматалъул муъминзабада алжаналдалъун рохелги бицине, гьеб умматалъул гIассиял-фасикъал гIадамазе жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъиги кьезе.**

**9. Дица нужеда расул витIун вуго я гьал гIадамал, нужеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги иман лъезе.** ХIакъаб иман лъеялъ, жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб, жинда ракI чIараб. **Нужеца гьев кIодо гьавун гьесул хIурматги гьабизе, гьесул адаб гьабун гьесул амро кIодо гьабизе. Нужеца Аллагьасе радалги къассиги тасбихIги гьабизе.**




**I0. Жидеца дуе байгIат гьабулел асхIабзаби руго МухIаммад, жидеца Аллагьасеги байгIат гьабулел.** Мун вугелъул Аллагьасул расул ва Аллагьасул вакил гьел асхIабзаби диналда ахIизе витIарав. Гьез дуе гьабураб къотIи Аллагьасе гьабураб къотIи букIана, гьез дуе хиянат гьабуни гьеб хиянатги Аллагьасе гьабураб букIуна. **ТIадегIанав Аллагьасул** рахIматалъул **квер буго гьезул кверазда тIад**. Ай: гьел асхIабзабаз аварагасул кверги босун байгIат гьабураб мехалъ гьеб байгIат Аллагьасе гьабураб буго. Гьев Аллагь гьезул гIамал бихьулев вуго, гьез бицунеб жо жинда ргIулевги вуго. **Гьеб къотIи щив чияс хвехе гьабуниги, гьеб къотIи хвезабиялъул зарал гьев чиясул нафсалъе буго.** Гьес жиндие щолеб кIудияб ажро хвезе гьабидалго, жинца Аллагьасе гьабураб къотIи хвезабун. **Жинца Аллагьасе гьабураб къотIи тIубазе гьабурав чиясе Аллагьас цIакъ кIудияб ажро кьела.** Абадияб алжан кьела ва алжаналда вукIадго Аллагь вихьиги ризкъилъун гьабила.

**II.** Мун тIаде вуссун Мадинаялда щвараб мехалъ мунгун цадахъ ХIудайбияталда рачIичIого Мадинаялда чIарал **иман загIипал ва мунафикъал гIадамаз дуда абизе буго: «Валлагьи ниж машгъул гьаруна мунгун цадахъ рачIиналдаса нижер хъизаназ ва магIишаталъ. Дуца Аллагьасда гьаре нижедаса тIаса лъагьа»-абун. Гьезул мацIаз абулеб буго гьезул рекIелъ гьечIеб жо.** Гьез дуда гьереси бицунеб буго. Гьел нужгун цадахъ рачIинчIого чIун рукIана хIинкъун, гьезул ракIалдаги кколеб букIана Къурайщияца нужги чIвалин ва тIокIал тIад руссун нуж Мадинаялдаги рачIиларин абун.

**Дуца гьезда абе МухIаммад: «Нагагь ТIадегIанав Аллагьасе бокьун бугони нужее цо мунфагIат гьабизе, яги цо зарал гьабизе щив чиха вугев жинда гьеб иш нахъе чIвазе кIолев?** Щивниги чи гьечIо. Нуж рукъор рахчун чIана абун хвалдаса хвасарлъуларо Аллагьасе бокьун букIарабани нуж регун ругеб босадаго кIола Аллагьасда нуж чIвазе гьаризе. **ТIадегIанав Аллагь жинда лъадев вуго нужеца гьабулеб гIамал ва бицулеб хабар.**

**I2. Нужеда ракIалда ккана Аллагьасул расулги ва маъминзабиги тIокIал жидер агьлоялде тIаде руссинаро абун. ШайтIаналъ нужер ракIазе гьединаб пикру бокьизе гьабуна ва нужеца цIакъ квешал пикрабиги ракIалда ккун рукIана.** Гьел асхIабзаби Къурайшаца чIван тIагIизе гьарила абун ракIалда ккун букIана нужеда. **Нуж руго Аллагьасда аскIор цIакъ квешал, гьесул ццим бахъи ва гIазаб нужее тIалъараб къавм.**


**I3. Жидеца Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги иман лъоларел гIадамазе Дица жужахIалъул гIазаб хIадурун буго.**

**I4. Киналго зобалазулги ракьалъулги ханлъи буго цохIо Аллагьасе. Гьев Аллагьас мунагьал чурула жиндие бокьарав чиясул, жиндие бокьарав чиясе гIазабги гьабула ва ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуголъана жинца мунагьал рахчунев ва жив гурхIулев.**

**I5. Гьел ХIудайбияталда рачIинчIого чIарал гIадамаз нуж гъазаватги гьабун гьанимат (давла) бакIаризе араб мехалъ абизе буго: «Нижги риччанте нужгун цадахъ рачIине»-абун.** Нижги ргъизе руго нужгун цадахъ. **Гьезие бокьун буго ТIадегIанав Аллагьас гьабураб къотIи хвезабизе, гьесул калам хисизе гьабизе.**

КъуртIубияс абуна: «ТIадегIанав Аллагьас аварагасда вахIю гьабун лъазабун букIана ХIудайбияталдаса тIаде руссараб мехалъ Хайбаралда ине руго нуж, гьенир бергьинеги руго ва гьеб Хайбаралъул гьанимат гьаб ХIудайбияталда рукIарал асхIабзабазе гурони щвезеги гьечIо абун. Аллагьас муъминзабазе гьабураб къотIи букIана гьаб гьел Маккаялда щвечIого, КагIба рукъалда тIаваф гьабичIиго тIаде руссун, ракI къварилъун рукIиндал. Гьаб къотIиги Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе бугеб мугIжизат букIана: Гьаб сурат рештIинабун букIиндал ХIудайбияталдаса рачIулаго Мадинаялда щвечIого нухдаго ругеб мехалъ.

**Дуца гьезда абе МухIаммад: «Нуж нижеда цадахъ рачIуге! Гьеб Хайбаралъулл гьанимат ХIудайбияталда рукIарал асхIабзабазе букIине буго абун Аллагьас цебекунго гьабураб къотIи буго»-абун. Гьел гIадамаз нужедахун абизе буго: «Гьеб жо Аллагьасул хIукму гьечIо. Гьеб буго нужеца нижедехун хIал хъублъи гьабун нужецаго гьабулеб хIукму»-абун**. Гьезул рагIи нахъе чIван ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **«Гьеб къавм буго жидее дунялалъе маслахIат бугеб жо гурони бичIчIунарел гIадамал»-абун.**




**I6. ХIудайбияталда рачIинчIого чIун рукIаразда дуца абе МухIаммад: «Нуж хадур ахIизе руго жидер къуват-гуч бугел къавмазда гьазават гьабизе. Гьезда нужеца рагъги гьабун гьел нужер диналда руссинарила, яги гьел рагъго гьабичIого нужее мутIигIлъизеги бегьула. Гьеб рагъ гьабизе ахIараб мехалъ нуж аварагасе мутIигIлъани Аллагьас нужее лъикIаб ва берцинаб ажро кьезе буго. Гьеб ахIиялъе мутIигIлъичIого нуж мугъбан руссани доб ХIудайбияталда ине ахараб мехалъ мугъ бан руссарал гIадин, цинги нужее Аллагьас цIакъ гучаб гIазабги гьабизе буго» - абун.**

**I7. Аллагьасул диналъе гIоло гьазават гьабизе къватIире рахъа абун ахIараб мехалъ гьеб ахIиялъе жаваб кьезе кIвечIев беццав чиясе мунагь гьечIо, рекъав чиясеги мунагь гьечIо цоги щиб бугониги унти бугев чиясеги мунагь гьечIо. ТIадегIанав Аллагьасе мутIигIлъарал ва гьесул расуласеги мутIигIлъарал гIадамал Аллагьас алжаналда жанир лъугьизе гьарула: жидеда жаниса лъарал ва гIорал чвахулел бечедал ахал, ва берцинал нигIматал ругел. Аллагьасеги аварагасеги мутIигIлъичIого, гьез ахIараб мехалъ гьазават гьабизе рахъичIого мугъбан руссарал гIадамазе Аллагьас цIакъ гучаб, жинца унтизе гьабулеб гIазаб гьабизе буго.**

**I8. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь разилъана жидеца дуе байгIат гьабулел муъминзабадаса ХIудайбияталда гъветIалъул рагIадалда гъокь мун вугеб гIужалъ. Аллагьасда лъана гьел муъминзабазул рекIелъ бугеб ритIухълъи ва къотIи тIубазе бугеб къасд. Аллагьас гьел муъминзабада ракI парахалъи рештIинабуна ва гьезие Аллагьас жиб гIагардаго бугеб бергьенлъиги кьуна.** Хайбар бахъана ва гьелъул гъаниматал щвана.

**I9. Гьелдаса бай бихьун муъминзабазе гIемераб бергьенлъи ва гъаниматал кьуна. ХIакълъунго Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав ва жиндир гIелму-хIикмат камилав.**

**20. ТIадегIанав Аллагьас нужее жегиги гIемерал гъаниматал къотIи гьабулел руго я гьал муъминзаби! Нужеца гьел росизе руго Аллагьасул диналъе гIоло гьазаваталги гьарун. Гьаб Хайбаралъул гъанимат Аллагьас нужее хекого кьуна.** ГIемер рагъ гьабичIого ва гIемераб гIакъубаги бихьичIого. **Аллагьас капурал гIадамазул квералги ккуна нужее зарал гьабиялдаса.** Гьеб Хайбаралъул агьло ва гьезулгун цо-цае кумек гьабизе къотIи бугел къавмалги хIинкъана муъминзабада рагъ гьабизе. **Гьал кIудиял бергьенлъаби Аллагьас нужее кьуна гьел гIаламаталлъун рукIине муъминзабазе Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг ритIухъав расул**


**вукIиналда жидеца тIоритIел гьабулел. Гьев аварагасдалъун ва гьесие кьурал гIажаибал гьунараздалъун Аллагьас нужги тIоритIизе битIараб исламияб диналда.**

Нужедаса хадур ругел муъминзабазеги далиллъун букIине ТIадегIанав Аллагь жиндир къотIи тIубазе гьабулев вукIналъе ва жидеца Аллагьасул диналъе гIоло жигьад гьабураб мехалъ гьезие дунялалъул рукъоб бергьенлъиги гъаниматги щвезе букIиналъе ва ахираталда алжанал рукIине рукIиналъеги.

**2I. Цогиги кIудияб бергьенлъи буго Аллагьас нужее кьураб. Нужер гьелда хIалги кIозе букIинчIеб Аллагьасул квер бакъиялдалъун гурони.** Гьаб буго Аллагьас муъминзабада Макка бахъизе букIиналдалъун рохел бицулеб заман. **Аллагь гьеб бергьенлъи нужее кьеялъе кинабго рахъалъан хIадурав вуго.** Гьеб Макка бахъи ва гьеб нужее букIине букIин жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб амру буго. **Гьев Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев.** Жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабулев, гьаб кинабго махлукъалъул жив цогояв БетIергьан. Гьев БетIергьан Аллагь жиндие рокьулел муъминзабазе квер бакъизе ва гьезие бергьенлъи къезе хIал кIолев вуго. Аллагьасулги аварагасулги тушбаби кьезаризе ва шушах рихинаризе кIолев вуго. Гьев Аллагьас жиндир муъминал лагъзадерие гьезда ракIалдаго гьечIеб бакIалдасан ризкъи кьола ва гьезул божиго гьечIеб мехалъ бергьелъиги кьола.

**22. Гьел кафурзабаца нужеда рагъ гьабун букIарабаниги гьел нужедаса лъутун, тIурун ине рукIана. Цинги гьезие квербакъи гьабулев ва гьезие валилъи гьабулев щивго чиги вукIине вукIинчIо**.

**23. Гьаб рехсараб хIукму (**аварагасе ва муъминзабазе бергьенлъи кьей, кафурзаби къезариги) **Аллагьасул нух ва къагIида буго цересел умматазулъго жиб букIараб. Гьаб Аллагьасул нух хисинабизе кIолев чи дуда кидаго ватизеги гьечIо.**




**24. Гьев Аллагь (عز وجل) вуго нужер БетIергьан, Маккаялда аскIор ругеб мехалъ мушриказул кверал жинца ккурав нужее зарал гьабиялдаса ва нужер кверал гьездасаги ккурав нужеца гьезда масжидул хIарамалда аскIоб рагъ гьабиялдаса, нужер гьел мушриказда квершел батун букIун хадуб. Гьев Аллагь (عز وجل) вуголъана нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулев.**

**25. Гьел мушрикал рукIана жидеца Аллагьасда инкар ккарал ва нуж Маккаялда жанир рачIун кагIба рукъалда тIаваф гьабиялдаса жидеца нахъе чIварал. Гьединго жидеца нахъе чIварал Маккаялъул мискинзабазе гьан бикьизе абун гьел муъминзабаца цадахъ бачун бачIараб боцIи гьел мискинзабахъе щвеялдаса**. Гьел мушриказул диналда рекъонги цIакъ квешаб ва къабихIаб гIамалд букIана гьеб: КагIба рукъалде тIавф гьабизе гIадамал гьукъи ва Маккаялъул мискинзабазе бикьизе бачIараб боцIи гьезухъе щвезе биччан гутIиги.

**Гьеб Маккаялда жанир нужеда жал лъаларел, жидеца иман лъурал бихьиналги руччабиги рукIинчIелани. Нужеда гьел лъачIого гьел чIван нуж кIудияб мунагьалъулъ кколел.** Аллагьас нужее изно кьезе букIана Маккаялда жанир лъугьун гьел мушриказда рагъ гьабизе.

**Нуж Маккаялда жанир лъугьун рагъ гьабиялдаса Аллагьас нахъе чIвана: Аллагьас жиндие рокьарал гIадамал жиндир рахIматалъулъ лъугьизе гьаризе гIологи.** ХIакъикъаталдаги гьеб ХIудайбияталъул сулхI гьабун хаду Маккаялъул агьлоялдаса гIемерал гIадамал исламияб диналда рачIана ва жидеца Аллагьасул диналъе квер бакъи гьабулеллъунги хьвадана.

**Гьел мушрикалги муъминзабиги Маккаялда жанир цоцадаса батIалъун рукIарабани ва муъминзабазе зарал ккела абун хIинкъиги букIинчIебани Аллагьас гьел мушриказе цIакъ гучаб гIазаб гьабизе букIана.**

**26. Маккаялъул кафурзабаца жидер ракIазулъ муъминзабаздехун квешаб хIал хъублъи гьабураб мехалъ ва гьез жидер жигьилияб чIухIиги, гIамалкIодолъиги загьир гьабураб мехалъ, ТIадегIанав Аллагьас жиндир расуласул рекIелъ гIодов виччай ва сабро буголъи рештIинабуна. Муъминзабазул ракIалги аварагасда мутIигIлъиялда ва гьесул хIукмуялда разилъиялда чIезаруна ва гьел киналго; «Лаилагьа иллаллагьу МухIаммадун расулуллагьи» - абураб калимаялда чIезаруна. Гьал маъминзаби рукIана Аллагьас жидее цIоб рахIмо гьабизе мустахIикъаллъун ва гьелъие агьлолъунги. ХIакълъунго Аллагь жинда кинабго жо лъалевлъун вуго.**

**27. ХIакълъуго Аллагьас ритIухъаблъун гьабуна жиндир аварагасе гьесда бихьараб хIакъаб макьу.** Аварагзабада бихьараб макьу хIакъаб букIуна, шайтIаналда кIоларо гьезие зарал гьабизе ва гьезие макьилъ бугониги, хIакъикъаталда бугони жидер батIулаб жо уяблъун бихьине гьабизе. Гьеб макьуги буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда макьилъ бихьун букIана живги жиндир асхIабзабиги Маккаялда жанире лъугьана абун щибго жидее хIинкъиги гьечIого, хадуб КагIба рукъалда сверун тIавафги гьабун цояз бетIералъул рас кIкIквана ва цояз гьеб рас къокъ гьабуна абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рештIине гьабуна ва аварагзабада бихьараб макьу ритIухъаб букIулеблъи бицана. Хадубги Аллагьас муъминзабада раххел бицун абуна: **«Валлагьи нуж КагIба рукъалда сверун бугеб масжидул хIарамалда лъугьине руго, инша Аллагь. Нужеца ботIрол расги кIкIвазе буго, цояз гьеб рас къокъ гьабунги тезе буго. Нуж щибго жоялдаса хIинкъизеги гьечIо. ТIадегIанав Аллагьасда лъала гьеб сулхI гьабиялда жаниб бугеб маслахIат.** Гьелъулъ бугеб кIудияб хIикматги. Гьеб кинабго жо нужеда лъаларо.

**Аллагьас нужее гьеб Макка бахъилелде цебе жиб гIагардаго исламияб рагьи гьабуна.** Цо гIалимзабаца абуна: ХIудайбияталъул сулхI гьабуна. Жиндилъ «БайгIатул ризван» гьабураб ва гьеб сулхI гьабуралдаса бай бихьун исламги гIатIилъараб. Цоги гIалимзабаца абуна: Хайбар бахъи гьабуна нужее Макка бахъилелде ццебе абун.


**28. Гьев Аллагь вуго нужеца жиндие гIабадат гьабизе хIакъав БетIергьан. Жинца нужеда жиндир хIакъав расул витIарав; гIадамал жинца тIоритIулеб Къурьанги босун ва хIакъаб исламияб динги босун. Гьев расул витIана жинца гьеб хIакъаб исламияб дин киналго диназда тIад загьир гьабизе, гьелдалъун цогидал киналго диналги насхо (хвезе) гьаризе. Гьев Аллагь гIезе вуго нугIлъун хирияв МухIаммад жидир расул вукIиналъе.**

**29. Гьал мушрикаца жив гьереси гьавулев, гьез жиндие къварилъиги гьабулев МухIаммад хIакъав Аллагьасул расул вуго. Гьев МухIаммад расулгун цадахъ ругел асхIабзабиги жидеца кафурзабада цIакъ рагъ гьабулел руго, жал цоцадехун цIакъ гурхIулелги руго.** Гьаб буго хIакъикъиял муъминзабазул сифат: Аллагьасулги жидерги тушбаби кафурзабада жидеца тушманлъи гьабулел, жидее гьел цIакъ рихарал рукIин. Ва амма муъминзаби цояв цоясда цIакъ гурхIулев ваццлъун, васлъун, эменлъун вукIин. **Дуда гьел муъминзаби рихьула жидеца гIемерал какал ралеллъун; рукугI-сужда гьабун Аллагьасул цIоб рахIматалда хьул лъун жал хьвадулелъун, жидеца Аллагь разилъи тIалаб гьабулеллъунги. Гьел муъминзабазул гьумералда гIаламат букIуна жидеца гIемераб сужда гьабиялъул.** Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIиаббасица абуна: гьеб гIаламат буго гьел гIадамал берцинаб руцIцIун чIеялда рукIунел рукIин. Дунялалъул хабар бицун, гIададисеб дагIба-къец гьабун жидер гьумералъул берциннаб сифат тIаса ине гьабуларел рукIула. **Гьаб муъминзабазул мисал бицун буго Тавраталда жанибги.**

**Гьал муъминзабазул мисал Инжилалда жаниб бицун буго жиб бижун жиндир тIамах загьирлъараб хуралда релъуна абун: цинги гьеб бижараб жо щулияб, бицатаб лъугьунеб ва жиб бижун, бахъун чIун хIубилъун лъугьунеб ва гьеб хуралдалъун жидеца гьеб бекьарал ва хьарал гIадамал роххун ва чIухIун рукIунеб. Гьаб мисалалдалъун кафурал гIадамазул кутакалда ццимги бахъинабула.** Муъминзаби гIемерлъи, гьезул къуват цIикIин кафурзабазе цIакъ бокьулареб жо буго. **Жидеца Аллагьасда иманги лъун, аварагасда нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе Аллагьас къотIи гьабун буго гьезул мунагьал чурила абун ва гьезие цIакъ кIудияб ажро-кири гьабила абун.** Гьеб ажроги Аллагь разилъи буго, гьесул нигIматазул алжаналги руго. Бищунго кIудияб ажро ахираталда ТIадегIанав Аллагь вихьи буго.

**Суратул ХIужурати 49.**

Мадинаяда жиб рештIинабураб, жинда жаниб анцIила ичIго аят бугеб.


الجزء السادس والعشرون
سورة الحجرات
مُحَمَّدٌ رَّسُولُ اللَّهِ ۚ وَالَّذِينَ مَعَهُ أَشِدَّاءُ عَلَى الْكُفَّارِ رُحَمَاءُ بَيْنَهُمْ
تَرَاهُمْ رُكَّعًا سُجَّدًا يَبْتَغُونَ فَضْلًا مِّنَ اللَّهِ وَرِضْوَانًا ۖ سِيمَاهُمْ
فِي وُجُوهِهِم مِّنْ أَثَرِ السُّجُودِ ۚ ذَٰلِكَ مَثَلُهُمْ فِي التَّوْرَاةِ ۚ وَمَثَلُهُمْ فِي
الْإِنجِيلِ كَزَرْعٍ أَخْرَجَ شَطْأَهُ فَآزَرَهُ فَاسْتَغْلَظَ فَاسْتَوَىٰ
عَلَىٰ سُوقِهِ يُعْجِبُ الزُّرَّاعَ لِيَغِيظَ بِهِمُ الْكُفَّارَ ۗ وَعَدَ اللَّهُ الَّذِينَ
آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ مِنْهُم مَّغْفِرَةً وَأَجْرًا عَظِيمًا ﴿٢٩﴾
سورة الحجرات
بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَٰنِ الرَّحِيمِ
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تُقَدِّمُوا بَيْنَ يَدَيِ اللَّهِ وَرَسُولِهِ ۖ وَاتَّقُوا
اللَّهَ ۚ إِنَّ اللَّهَ سَمِيعٌ عَلِيمٌ ﴿١﴾ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَرْفَعُوا
أَصْوَاتَكُمْ فَوْقَ صَوْتِ النَّبِيِّ وَلَا تَجْهَرُوا لَهُ بِالْقَوْلِ كَجَهْرِ بَعْضِكُمْ
لِبَعْضٍ أَن تَحْبَطَ أَعْمَالُكُمْ وَأَنتُمْ لَا تَشْعُرُونَ ﴿٢﴾ إِنَّ الَّذِينَ
يَغُضُّونَ أَصْوَاتَهُمْ عِندَ رَسُولِ اللَّهِ أُولَٰئِكَ الَّذِينَ امْتَحَنَ
اللَّهُ قُلُوبَهُمْ لِلتَّقْوَىٰ ۚ لَهُم مَّغْفِرَةٌ وَأَجْرٌ عَظِيمٌ ﴿٣﴾ إِنَّ الَّذِينَ
يُنَادُونَكَ مِن وَرَاءِ الْحُجُرَاتِ أَكْثَرُهُمْ لَا يَعْقِلُونَ ﴿٤﴾
الجزء ٥٢
٥١٥

**I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца кинабгIаги иш гьабуге Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги цебе.** Гьев авараг вугеб бакIалда цо масъала бачIараб мехалъ нужеца жаваб кьоге аварагасда цере кIанцIун. Квен-тIех цебе бачIани аварагас бай бихьичIого нужеца бай бихьуге квен кваназе. Цо бакIалда унел ругони аварагасда цере лъугьунге. **Нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа** ва гьев Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги гIиссилъуге. **ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жо ргIулев ва кинабго жо лъалев.**

**2. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца гьаракь борхизе гьабуге аварагасул гьаракьалдаса тIадехун.** Гьев аварагасда калам гьабулеб мехалъ нужеца гьесулалдаса гьаракь гIадобгIан гьабе, гьесул адаб хIурмат гьабун. **Нужеца гьединго гьаракь борхизе гьабуге аварагасда аскIор рукIун цо-цаде ргIи абулеб мехалъги нужго ругеб мехалъ нужеца гьаракь борхизе гьабулеб хIалалъ.** Нужеца гьев аварагасда хитIабги гьабуге «я МухIаммад»-абун, гьесда хитIаб гьабе: «Я расулаллагьи, я Набияллагьи» абун. **Гьедин адаб тун нуж ругони нужер кинабго лъикIаб гIамал гIададе хвараб букIине буго ва нужеда гьеб гIамал гIадада хвараблъиги лъазе гьечIо.** Гьаб аят решТIине гьабуна жидеда аварагасул адаб гьабизе лъаларел, алахалда гIурал гIарабияз Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе къварилъи гьабидалго ва гьез аварагасул мажлисалда гьаракь борхун кIалъай гьабидалго. Гьединго гьез ахIулеб букIана: Я МухIаммад! абун.

**3. Жидеца Аллагьасул расуласда акIор ругеб мехалъ гьаркь гIодобегIан гьабулел гIадамал руго Аллагьас жидер ракIал иманалъе ва Аллагьасдаса хIинкъиялъе къачIарал, гIицI гьарурал гIадамал. Гьезие Аллагьасул рахъалъан мунагьал чури буго ва кIудияб ажроги буго. Ахираталда гьезие нигIаматазул алжаналги руго.**


**4. Жидеца дуда «я МухIаммадан» ахIулел гIадамал, жал дур руччабазул рукъалда аскIорги рачIун; гьел гIадамазул гIемерисел жидер гIакъло дагьал руго.** Гьезда дур къадро-къимат лъалеб гьечIо ва дур адаб гьабизе кколеблъиги льалеб гьечIо.

**5. Гьел гIадамаз мун къватIиве вахъинегIан сабро гьабун букIарабани гьезие цIакъ лъикIаб букIилаан. ТIадегIанав Аллагь жинца мунагьал чурулев вуго ва жиндир лагъзадерида гурхIулевги вуго.** Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул адаб тарал, гьесул рахIат хвезе гьабурал гIадамазе вагIза-насихIат гьабун, гьезда берцинаб адаб малъун кIалъалев вуго, гьезие гIакъуба-къварилъи гьабичIого гьездаса тIаса лъугьуневги вуго.

Гьаб кIиябго аят решТIине гьабиялъе сабаб бицана: ГIуяйнат бину ХIусайн ва АлакърагI бину ХIабис абулев кIиго чи вачIана Бану таймазул лъабкъоялда анцIго чигун цадахъ ва къалъул гIужалъ, Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хIухь бахъи гьабулев вугеб мехалъ, гьесул руччабазул рукъзабада сверун лъугьун: «Я МухIаммад! Мун кив вугев? Нижехъе къватIиве вачIа!»-абун ахIдана. Гьаб адаб тей гьабидаго, ТIадегIанав Аллагьас хирияв аварагасул адаб гьабиялда муъминзаби кантIизе гьарун гьаб кIиго аят решТIине гьабуна.

**6. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужехъе хабарги босун цо фасикъав чи вачIараб мехалъ:** Жиндир иман загIифав, жиндир ргIиялда божизе бегьуларев. **Нужеца гьес бицараб хабар битIараб бугодай абун цIех-рех гьабе. Гьеди цIех-рех гьабичIони нужеда хIакъикъат лъачIого нужеца гIадамазе къварилъи гьабизе бегьула. Цинги нужги пашманлъизе руго нужеца гьабураб иш мекъи ккун батараб мехалъ.**

**7. Нужеда лъае я гьал иман лъурал гIадамал, нужеда гьоркьов Аллагьасул расул вукIин,** Аллагьасе жив хирияв ва гьес кIодоги гьавурав. **Гьев расул нужее бокьараб жоялда мутIигIлъулев вукIаравани ва нужеца бицараб жоялда рекъон гьес хIукмуги гьабулеб букIарабани нуж цIакъ санагIат гьечIел, нуж гьалаглъулел ишазулъ ккелаан.** Киниги **Аллагьас нужее иман бокьизабун буго, гьеб нужер ракIазе берцин бихьинабунги буго. Аллагьас нужее рихизабун буго кафруги, пасикълъиги, гIассилъиги. Гьал берцинал сифатал Аллагьас жидее кьурал муъминзаби руго жал хIакъаб диналда ва битIараб нухалда ругел.**


الجزء السادس والعشرون سورة الحجرات
وَلَوْ أَنَّهُمْ صَبَرُوا۟ حَتَّىٰ تَخْرُجَ إِلَيْهِمْ لَكَانَ خَيْرًا لَّهُمْ ۚ وَٱللَّهُ غَفُورٌ
رَّحِيمٌ ﴿٥﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓا۟ إِن جَآءَكُمْ فَاسِقٌۢ بِنَبَإٍ فَتَبَيَّنُوٓا۟ أَن
تُصِيبُوا۟ قَوْمًۢا بِجَهَٰلَةٍ فَتُصْبِحُوا۟ عَلَىٰ مَا فَعَلْتُمْ نَٰدِمِينَ ﴿٦﴾
وَٱعْلَمُوٓا۟ أَنَّ فِيكُمْ رَسُولَ ٱللَّهِ ۚ لَوْ يُطِيعُكُمْ فِى كَثِيرٍ مِّنَ ٱلْأَمْرِ لَعَنِتُّمْ
وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ حَبَّبَ إِلَيْكُمُ ٱلْإِيمَٰنَ وَزَيَّنَهُۥ فِى قُلُوبِكُمْ وَكَرَّهَ
إِلَيْكُمُ ٱلْكُفْرَ وَٱلْفُسُوقَ وَٱلْعِصْيَانَ ۚ أُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلرَّٰشِدُونَ ﴿٧﴾
فَضْلًا مِّنَ ٱللَّهِ وَنِعْمَةً ۚ وَٱللَّهُ عَلِيمٌ حَكِيمٌ ﴿٨﴾ وَإِن طَآئِفَتَانِ
مِنَ ٱلْمُؤْمِنِينَ ٱقْتَتَلُوا۟ فَأَصْلِحُوا۟ بَيْنَهُمَا ۖ فَإِنۢ بَغَتْ إِحْدَىٰهُمَا
عَلَى ٱلْأُخْرَىٰ فَقَٰتِلُوا۟ ٱلَّتِى تَبْغِى حَتَّىٰ تَفِىٓءَ إِلَىٰٓ أَمْرِ ٱللَّهِ ۚ فَإِن فَآءَتْ
فَأَصْلِحُوا۟ بَيْنَهُمَا بِٱلْعَدْلِ وَأَقْسِطُوٓا۟ ۖ إِنَّ ٱللَّهَ يُحِبُّ ٱلْمُقْسِطِينَ
﴿٩﴾ إِنَّمَا ٱلْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَأَصْلِحُوا۟ بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ ۚ وَٱتَّقُوا۟ ٱللَّهَ
لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿١٠﴾ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ لَا يَسْخَرْ قَوْمٌ مِّن قَوْمٍ
عَسَىٰٓ أَن يَكُونُوا۟ خَيْرًا مِّنْهُمْ وَلَا نِسَآءٌ مِّن نِّسَآءٍ عَسَىٰٓ أَن يَكُنَّ خَيْرًا
مِّنْهُنَّ ۖ وَلَا تَلْمِزُوٓا۟ أَنفُسَكُمْ وَلَا تَنَابَزُوا۟ بِٱلْأَلْقَٰبِ ۖ بِئْسَ ٱلِٱسْمُ
ٱلْفُسُوقُ بَعْدَ ٱلْإِيمَٰنِ ۚ وَمَن لَّمْ يَتُبْ فَأُو۟لَٰٓئِكَ هُمُ ٱلظَّٰلِمُونَ ﴿١١﴾
٥١٦

**8 Гьаб нужее кьураб иман-ислам Аллагьасул рахъалъан нужее бугеб хиралъи буго ва нигIматги буго. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жоялъул хIакъикъат лъалев ва жиндир хIукму-къадаралъулъ гIадилав, жинда жаниб хIикмат гьечIеб хIукму жинца гьабуларев.**


**9. Муъминзабазул кIиго къукъа цоцаде рагъулел ругони нужеца гьезда гьоркьоб маслахIат гьабе ва гьел рагъизе риччаге! Цо къукъа маслахIат босичIого цогидаб къукъаялда данде зулму гьабизе лъугьани нужеца гьеб жинца зулму гьабулеб къукъаялда данде рагъ гьабе гьеб Аллагьасул хIукмуялда буссинегIан ва гьеб къукъааъ гIассилъиги зулмуги тезегIан. Гьеб къукъа Аллагьасул хIукмуялда буссун хадуб нужеца гьеб кIиябго къукъаялда гьоркьоб маслахIат ва рекъел гьабе. Гьеб маслахIатги ритIухъаб гьабе, цояб къукъаялъе зарал бугеб гьабуге. Нужеца киналго ишазулъ шаргIияб гIадло цIуне. ХIакълъунго Аллагьасе жал ритIухъал, шаргIияб гIадло цIунулел гIадамал рокьула.**

**I0. Киналго муъминзаби цоцазе вацал руго. Гьедин бугелъул нужеца нужер кIиго вацасда гьоркьоб рекъел гьабе. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа. Гьесул гIазабалдаса хIинкъун Аллагьасда гIассилъуге. Гьедин нуж хьвадани нужеда Аллагь гурхIине вуго.**

**II. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужер цо къавмалъ цогидаб къавм махсароде гьабуге!** цо чиясе цогидав чи жиндаса гIодовегIанлъун вихьуге! **Дол жал гIодогIанлъун рихьарал гIадамал Аллагьасда аскIор гьаздаса лъикIал рукIинеги бегьула! Цо муъминал руччабаца цогидал муъминал руччабиги жидедаса гIодогIаналлъун гьаруге! Аллагьасда аскIор дол гIодорегIан гьарурал руччаби рукIине бегьула гьездаса гIемерго лъикIал. Нужеца нужерго нафсазда** цоцазул нафсазда **гIайибалги чIваге! Нужеца цоцалазде гьесие бокьулареб цIаралдалъунги ахIуге!** ТIокIцIарал лъун, гьездалъун гIадамазда ахIуге. **Цо инсан муъминчилъун вукIун, цинги гьес жинда «пасикъчи» абизе рес лъугьунеб гIамал гьаби цIакъ квешаб иш буго.** Диналъул вацазе рихулеб жо гьаби пасикъав чиясул пиша буго. **Гьадинал гIамалал жидеца гьарурал гIадамал гьеб гIамал гьабиялдаса руссун, тавбо гьабун хьвадичIони гьел руго жидеца жидерго нафсазе зулму гьабулел гIадамал.**

**I2. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж рикIкIалъе нужер ракIалда кколел, жидер хIакъикъатги лъаларел пикрабазда нахърилъиялдаса,** гьезда рекъон хIукму гьабиялдаса, гьеб пикруялда рекъон муъминзабада гIайиб чIваялдасаги. **ХIакълъунго цо-цо пикраби жал шайтIаниял, жиндалъун инсан мунагьалъулъ кколел рукIуна. Нужеца гIадамазул гIайибал цIехоге, гьезул хабаралда балъго гIенеккуге! Нужер цояз цогидазда нахъаса гъибатги гьабуге.** Гьев чи ццеве гьечIеб мехалъ гьесие бокьулареб жо бицун, гьесул нафс ва къадро гIодогIанлъулеб жо бицун кIалъаге. Гьеб цIакъ кIудияб мунагь буго. **Нужер цонигиясе бокьулищха жиндир данилъул вац хвараб мехалъ гьесул гьан кваназе? Гьеб нужее цIакъ бокьизе гьечIо.** Гьеб цIакъ ракI къалеб, къабихIаб гIамал буго.

Гьадинабго къабихIаб гIамал буго Аллагьасул шаргIалда гъибат гьабиги. Инсанасул гьан кванай къабихIаб жо буго, гьеб гьабиялда цониги нафс разилъулареб. Гьев инсан жиндир вац вугони, гьесул гьан кванай цIакъго къабихIаб букIиларишха? Гьев вац хун хадуб гьесул гьан кванай кигIан къабихIаб ишха букIинеб? Гьадинаб баянаб мисал бачун ТIадегIанав Аллагьас нилъеда лъазе гьабулеб буго гъибат гьаби цIакъ кIудияб мунагь букIин. Ва амма гьеб гъибат гьабигIадаб инсан жиндаса хIинкъулареб цоги мунагьги гьечIо! **Нуж Алагьасдаса хIинкъа!** Гьесул гIазабалдаса хIинкъун Аллагьасда гIассилъи гьабуге. **ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жинца цIакъ гIемер тавбо къабул гьабулев ва жиндир муъминал лагъзадерида жиндир гурхIел-рахIмо гIемерав.**




**I3. Я гьал гIадамал! Дица нуж рижун руго бихьинабги цIуябги жо данделъун.** нуж киналго цохIо Адамил ва ХIавал лъимал руго. Нужер умумулги гьединго цохIо тухум буго. Нужее цоял цогидаздаса чIухIизе щибго гIилла гьечIо. **Дица нуж батIи-батIияб кьибил ва тухум гьабун рижана нуж цоцалазе лъазе, нужеца цо-цазе квербакъиги гьабизе.** Пуланав чи пуланаб наслоялъул чи вуго абун лъазе. Нуж дица рижичIо нужеца тухум-кьибилалдалъун цоцаде тушманлъи гьабизе. **Нуж цоял цогидаздаса хира гьарулеб ва тIокI гьарулеб жо буго Аллагьасда иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун, гьесие мутIигIлъун хьвади. ХIакълъунго Аллагь вуго жинда кинабго жоялъул загьирги батIинги лъалев.** Жиндир лагъзадерил иман лъейги, куфру-ширкги лъала, ва гьел лагъзадерие мустахIикъаб жоги лъала Аллагьасда. Гьадин бугелъул нужеца нужерго нафсал кIодо гьаруге, нужги насаб-тухумалдалъун чIухIардуге.

**I4. Цо гIарабиязул къукъаялъ абулеб буго нижеца иман лъуна абун. Дуца гьезда абе МухIаммад: «Нужеца иман лъун гьечIо. Нужеца абе ниж мутIигIлъана абун. Жеги нужер ракIазда жаниб иман лъугьун гьечIо ва гьелъул хIакъикъат нужеда бичIчIунги гьечIо. Нуж унгого Аллагьасеги, гьесул расуласеги мутIигIлъани ва нужеца камилаб хIалалъ иманги лъуни Аллагьас нужее нужер гIамалазул ажро-кири гьабизе буго ва щибго жо гьеб ажроялдаса нукъсанги гьабизе гьечIо. ХIакълъунго ТIадегIанв Аллагь вуго нужер хIал лъалев ва нужеда жив гурхIулев»**-абун.

**I5. ХIакъикъиял муъминзаби руго жидеца Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги иман лъурал гIадамал: цинги жидер рекIелъ щибго шаклъиги хутIичIел жидер иман лъей битIараб букIинада. Жидеца Аллагьасул диналъе гIоло жидерго боцIи-малалдалъун ва чурхдуздалъун гьазаватги гьабулел. Гьал руго жидер иманалъулъ ритIухъал муъминзаби.**

**I6. Дуца Абе МухIаммад, нужеца Аллагьасда лъазабулебищ бугеб нуж щиб диналда ругеблъи? Гьев Аллагьасда лъала зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго жо. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев.**


**I7. Цо гIарабияз жидеца исламияб дин боси дуда бицунеб буго МухIаммад, гьеб дуе гьабураб лъикIлъи бугеб гIадин. Дуца гьезда абе: «Нужеца дида бицуге нужеца исламияб дин боси ва гьеб дие гьабураб хъулухълъун рикIкIунге. Гьелъул лъикIлъи нужеего букIине буго. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца нуж иманалда тIоритIарав ва нужеда кIудияюб цIоб рахIмоги гьабурав. Нужеца иман лъуна абураб рагIиялъулъ нуж ритIухъал ратани нужеда гьаб хIакъикъат лъай!»-абун.**

**I8. ТIадегIанав Аллагьасда лъала зобалаздаги ракьалдаги бугеб балъгояб жо ва гьев Аллагь жинда бихьулев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун суратул ХIужураталъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

**Сурату Къаф 50.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда щуго аят бугеб.




**I. Къаф. Жиндир къадро кIудияб, жиб хирияб Къурьаналдалъун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.** Жиндие хирияв МухIаммад хIакъав расул вукIиналда ва хун хадур гIадамал тIаде рахъинариги хIакъаб жо букIиналда.

**2. Амма Маккаялъул агьлуялъ жидехъе вачIарав авараг ритIухъ гьавичIо ва гьез гIажаибаб жолъун рикIкIана жидедаго гьоркьоса жидее Аллагьасул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев расул вачIин. Гьел капурзаца абуна; «гьаб цIакъ гIажаибаб жо буго»-абун.** Гьел гIажаиблъизе щибго гIиллаги букIинчIо. Гьезухъе расуллъун витIарав МухIаммадги гьел киналго жиндир ритIухълъиялда ва аманат бугева вукIиналда мукIурав вукIана. Гьез гIажаиблъи гьаби ва инкар кквей букIана ахIмакъаб чIухIи сабаблъун ва жидерго жагьилаб гIамалкIодолъи загьир гьабун.

**3.** Гьел капурзабаца хун хадур тIаде рахъине гьариялда инкар ккун абуна: **«Ниж хвезеги хун ракьлъун лъугьун хадурги чIагойищ гьарулел? Гьеб тIаде рахъинари буго жиб букIине дандего кколареб, батIулаб жо» - абун.**

**4. Дида лъала гьел гIадамал хун хадур ракьалъ кванан гьезул гьанги, биги, дагьлъулеблъи ва тIагIунеблъи. Дида щибго жо балъго хутIуларо. Жигиги дида аскIоб буго кинабго махлукъалъул хъвай-хъвагIай жинда тIад бугеб ЛавхIул махIфузаги.**

**5. Гьаб инкар кквеялдаги тIад жиб баянаб, хIакъаб Аллагьасул каламги гьереси гьабуна гьел мушриказ. Гьеб жидер инкаралъулъ ва Къурьанги, аварагги гьереси гьавияллъулъ гьел мушрикал жидер цо ккураб гIакъло - пикру гьечIого руго.**

**6. Гьел инкар чагIи жидеда тIад ругел зобалаздагIаги кин ралагьуларел. Киндай дица гьел тIаде рорхун руго абун ва киндай бакъ-моцIалдалъун, цIвабзаздалъун берцинги гьарун руго абун. Гьел зобалазда щибго жагъалаб бихъа-къотIараб бакIги гьечIо.**

**7. Гьаб ракьги дица цIан битIинабуна жинда тIад гIадамал чIезе, гьез ящав гьабизе санагIатаб хIалалъ. Гьеб ракьалда тIад рорхатал мугIрул гьаруна, гьеб ракь цо хIалалда жидедалъун чIеялъе сабаблъун рукIине. Дица гьеб ракьлда тIад кинабниги берцинаб, жиндаса бер боххулеб ах-хур, хер-тIегь ва цогидабги чIаголъи бижинабуна.**

**8. Гьаб кинабго жо дица бижана ва гьабуна жидеца иман лъун, жал Аллагьасда руссарал гIадамазе вагIзалъун ва гьезул рекIелъ иманалъул нур цIикIунеблъун.**

**9. Дица зодиса рештIинабуна жиндилъ баракат бугеб лъим. Гьеб лъималдалъун дица бижизеги гьабуна кинабго ахги ва жиб бекьун, лъилъун бакIарулеб хурги.**

**I0. Гьединго жал рорхатал чамастакил гъутIбиги рижинаруна, жидеда тIад цоцаде хурхараб гIемераб чамастак бугел.**


**II. Гьаб ах-хур ва чамастакил гъутIбиги дица рижинаруна гIадамазе ризкъилъун. Гьеб ах-хур бижинабун дица жиб хун букIараб ракьги чIаго гьабуна. Гьаб хвараб ракь чIаго гьабиялда релъун буго хварал гIадамал чIаго гьарун тIаде рахъинариги.**

**I2. Гьал Маккаялъул Къурайшияздаса цереккун НухIил къавмалъги, Самудиязги, «асхIабу ррасси» - абулеб къукъаялъги гьерси гьаруна жидехъе ритIарал аварагзаби.**

**I3. ГIадилазги, ПиргIавницаги, ЛутIил къавмалъги гьруна жидехъе рачIарал аварагзаби гьереси.**

**I4. Ахал-рохьал гIемерал ШугIайбил къавмалъги, Яманалда вукIарав ТуббагI ханасул къавмалъги; - гьал киназго гьереси гьаруна жидехъе рачIарал аварагзаби ва гьезие хIакъаблъун лъугьана дица жал гьалаг гьарила абун гьабураб къотIи.**

**I5. Дун гIажиз гьавичIо гурищ щибго жоялъ, щибго жо гьечIеб бакIалдаса гьаб халкъ дица бижулеб мехалъ?** Гьал гIадамал хун хадур тIаде рахъине гьаризе кIола дида, шибго жо гьечIеб бакIалдаса гьал рижизе кIвараб хIалалъ. **Киниги гьал мушрикал жал хIайранлъун руго ва шакдарулелги руго хун хадур жал тIаде рахъине гьарила абураб амроялъулъ.** Гьезда гьеб амро бичIчIизе бокьун гьечIелъул, гьеб гьезул нафсазе цIакъ рихунги бугелъул, щиб хабар бицунги жидеца гьелда инкар ккун чIолел руго гьал мушрикал. Гьез инкар ккуна абун Аллагьас жиндир хIукму-къадар тIубазе гьабичIого телишха?!.




**I6. ХIакълъунго гьав инсан дица вижана ва дида лъала гьесул ракIалда букIунеб вас-васги, шакдариги. Дун гьев инсанасда гIагар вуго** дир гIелмуялъул рахъалъан **гьесул горбода бугеб бидул рихьалдасаги.**

**I7. Гьев инсанасда тIад вакил гьавун тарав кIиго малаик данде чIвала гьесул щибаб рагIиялда ва гIамалалда. Цояв кваранаб рахъалда цояв квегIаб рахъалда гIодов чIун вукIунев.**

**I8. Гьев инсанас цохIо рагIиги абуларо гьеб рагIи хъвазе хIадурун малаик вукIун гурони: жив кивего гьев инсангун цадахъги вукIунев.**

**I9. Гьев инсанасда тIаде хвалил мехтелалги рачIуна, жиб хIакъаб жолъун бугеб хIалалъ. Гьеб хвалил кьогIлъи ва захIмалъи букIанаха жиндаса инсан лъутулев, вахчуневлъун вукIараб жо**!

**20. Хварал гIадамал тIаде рахъинаризе суралъуб пураб заман буго Аллагьасда инкар ккун рукIарал гIадамазе гIазаб гьабизе къотIи гьабураб къо тIаде щвараб заман.**

**2I. Гьеб къоялъ щибаб нафсги бачIуна жив ццеве къотIунев малаикгун ва жиндие нугIлъи гьабулев малаикгун цадахъ.**

**22. Мун цIакъ гъупулго вукIана гьаб къо дуде бачIиналдаса. Гьанже дунялалъул рукъор дур гIиналдаги, бералдаги, ракIалдаги тIад букIараб пардав дица тIаса инабуна. Дур берзул канлъиги жакъа цIакъ лъикIаб, лебалаб буго.**

**23. Къиямасеб къоялъ гьев инсангун цадахъ вукIарав малаикас абула: «Гьав чи вуго Дуца дун жиндир гIамалал хъвазе вакил гьавун вукIарав чи» - абун.**

**24.** Гьел малаикзабада абула: **«Нуж кIиясго жужахIалда жанире рехе кинавниги жив капурав, хIакъаб жоялда инкар ккун вкIарав, жив гьаб къоялдаги божулев вукIинчIев чи.**

**25. Жинца кинабго лъикIлъи нахъе чIвалев вукIарав, жинца зулмуги, хIилла-макроги гьабулев вукIарав, жиндир диналъулъ шакдарулевги вукIарав.**

**26. Жинца Аллагьгун цадахъ цоги аллагьги гьавун гьесие лагълъи гьабурав. Гьав чи нужеца рехе цIакъ гучаб жужахIалъул гIазабалъулъ!»-абун.**

**27.** ЖужахIалда жанив гьесул шайтIаналъ**: «Я нижер БетIаргьан! Дица гьев чи къосинавичIо. Гьев живго вукIана хIакъаб жоялдаса цIакъ рикIкIадаб къосиналъулъ» - абун.**

**28. Аллагьасул рахъалъан гьезда абула: «Жакъа нуж дида ццереги чIун цоцаде гIайибал чIван къецандуге! Дица нужехъе дир аварагзабиги ритIун гьаб къоялъул гIазаб букIине букIиналдалъун хIинкъи кьун букIана.**

**29. Дица бицараб рагIиги, гьабураб хIукмуги жиб хисинабулеб, хвезабулеб букIунаро.**

**30. Гьеб къо буго дица жагьаннамаялда абулеб: «Мун жаниб цIун бугищ дур агьлуялдалъун?» - абун. Гьаб жагьаннамаялъ жавабги гьабулеб: «Гьенир цогиги гIадамал ругишха дида жанир рехизе бегьулел?» - абун.**

**3I. 32. Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабада алжанги гIагар гьабула, жиб рикIкIад гьечIеб хIалалъ,** ва гьездехун абула: **Гьаб буго кинавниги Аллагьасде вуссарав, гьесул амру-нагью тIубан хьвадарав лагъасе Аллагьас жиб къотIи гьабураб рукъ.**

**33. Жинда бихьичIеб, жиндаса рикIкIадаб жоялда иманги лъун, Аллагьасул гIазабалдасаги хIинкъун жив хьвадарав, жив Аллагьасда ццевеги вачIарав жинца тавбо гьабуравлъун, Аллагьасе хIелараб, мутIигIаб ракIгун.**

**34. Нуж алжаназда жанире лъугьа кинабгIаги нужее бокьулареб жоялдаса саламатлъун ругеб хIалалъ. Гьаб къо буго даимго рукIинелъул нуж алжаналде лъугьинарулеб къо» - абун.**

**35. Жидее гьеб алжаналда жаниб щиб жо бокьаниги буго.** Бералъе бокьарабги, гIиналъе бокьарабги, ракIалъе бокьарабги. **Дида аскIоб гьал нигIматазда тIадги цогиги цIекIел буго муъминзабазе жиб бугеб:** Гьеб буго ТIадегIанав Аллагьасда балагьи гьезие щвей.


**36. Дица кигIан гIемерал умматалха гьалаг гьарурал гьал Маккаялъул мушриказдаса церехун жал рукIарал, гьаздаса жал къуват-гуч бугелги рукIарал, жал шагьаразулъ ва улкабазулъ чIухIун сверулелги рукIарал? Гьал чагIи Аллагьасул гIазабалдаса рорчIанищха?**

**37. Гьал умматал гьалаг гьариялда жаниб, бичасхIаги, кIудияб вагIзаб буго жидер жо бичIулеб ракI бугел, яги жал жидеда бицунеб жоялда гIенеккулел гIадамазе, гьеб гIенеккигун цадахъ жидер ракIалъ пикруги гьабула.** Гьаб кIиго аяталда жаниб буго Маккаялъул мушриказе хIинкъи кьей: гьез иман лъечIони Аллагьасда кIола гьел гьалаг гьаризе абун. Гьединго аварагасе рекIел гъейги буго: Дуца ракI къварид гьабуге МухIаммад, гьездасанги гучал ва гIемерал умматал гьалаг гьаруна Аллагьас, жидеца купру-ширк течIеб мехалъ, гьалги гьалаг гьарила Аллагьас абун.

**38. БичасхIаги дица зобалги, ракьги ва гьезда жанибги гьоркьобги бугеб кинабго махлукъ бижана анлъго къоялда жаниб. Гьеб махлукъ бижулаго дида щибго захIмалъиги щвечIо.** Дие цо амро букIине бокьараб мехалъ гьеб амро цохIо «Кун» абураб рагIи абиялдалъун букIуна. Гьедин бигьаго дица хварал тIадеги рахъине гьарула ва гьезул хIисаб мизанги гьабула.

**39. Дуца сабро гьабе МухIаммад, гьел муширказ дуде абулеб рагIиялда.** Мун авараг гьечIо, сахIир вуго, шагIир вуго абун. Дуца гьезулгун дагIба къец гьабичIого гьел исламияб диналде ахIе. **Дуца дур БетIергьан Аллагьасе радал бакъанида ва кинабго заманаялъ тасбихI ва хIамдги гьабе.** «СубхIаналлагьи валхIамдулиллагьи»-абун Аллагьасе рецц гьабе ва гьев кIодоги гьаве.

**40. Сардилъ тIаде вахъунги дуца Аллагьасе тасбихI гьабе, паризаял какал ран хадубги гьабе Аллагьасе тасбихI.** Гьал аятаздаса хIукму босана Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг МигIаражалда инегIан цебе кIиго как букIана уммуталда тIад фарз гьабураб: бакъ баккилелде цебе балеб ва бакъанил гIужалъ балебги. Сардилъ тIаде вахъун как бай цо лъагIелалъ тIадаб букIана аварагасдаги гьесул умматалдаги. Хадуб гьеб сардилъ тIаде вахъун балеб как аварагасда тIадаблъун гьабуна, умматалъе суннатаблъун гьабуна.




**4I. 42. Дуца гIин тIаме МухIаммад Исрафил малаикас киназдаго рагIулеб бакIалдаса ахIулеб мехалъ. Гьеб къо буго кинабго халкъалда жал тIаде рахъинариялъе бугеб ахIи рагIулеб къо, хIисаб-мизаналъе ва жазаалъе халкъ тIаде бахъине гьабулеб къо.**

**43. ХIакълъунго дун вуго дица чIаго гьарулев ва дица хвезеги гьарулев. Ахираталда дида буго кинабго халкъалъул руссинги.**

**44. Гьеб къоялъ хваразда тIасан ракь бихъ-бихъун уна ва цIакъ хехго тIаде рахъун гьеб халкъ жал ахIулеб рахъалдехун уна. Гьаб буго дица халкъ дида бусинабулеб къо ва гьеб халкъ тIаде бахъинаби дие цIакъ бигьаяб амроги буго.**

**45. Дида лъала МухIаммад Къурайшазул капурал гIадамаз абулеб рагIи:** «ахиратги гьечIо хIисаб-мизан, жазаъги гьечIо»-абун. **Мун гьезда хIал гьабун гьел иман лъеялда рачунев чи гьечIо. Дуца гьеб къавмалъул дир гIазабалдаса хIинкъулел гIадамазе хирияб Къурьаналдалъун вагIза гьабе.**

**Сурату Ззарияти 5I.**

Маккаялда рештIинабураб, жинда жаниб лъабкъого аят бугеб.

**I. Жидеца сали-хIур цо бакIалдаса багъаринабун цоги бакIалда баччунел гьуралхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.**


**2. Жидеца цIадал лъималъул бакIлъи баччунел накIкIалхIаги абунги гьедулев вуго.**

**3. Ралъдада тIад гIадамал ва къайи-матахI баччун бигьаго жал хьвадулел гумуздалъунги гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.**

**4. Жидеца Аллагьасул амру тIубазабун халкъалъул хIажат тIубалел, гьезие ризкъиги, цIадги бикьулел малаикзабадалъунги гьедулев вуго Аллагь.**

**5. Нужее жиб къотIи гьабураб тIаде рахъинариги, хIисаб-мизан гьабиги жиб хIакъаб амро буго абун.**

**6. Гьединго щивав чияс гьабураб гIамалалъе жазаъ гьабиги хIакъаб, жиндилъ шаклъ гьечIеб амро буго абун.**




**7. Баянал, мухIканал нухазул БетIергьанал зобалхIаги абунги гьедулев вуго Аллагь (عز وجل).**

**8. Нуж цIакъ шакдарулеб, хIасил гьечIеб рагIиялъулъ руго,** я гьал Маккаялъул мушрикал, **нужеца МухIаммад аварагасул хIакъалъулъ жиб абулеб.**

**9. Гьев МухIаммадида ва Къурьаналда иман лъеялдаса вуссуна Аллагьасул (عز وجل) азалияб гIелмуялъулъго жив бахьи гьечIевлъун вугев чи.**

**I0. Аллагьас рахIматалдаса рикIкIад гьареги жидеца хирияб Къурьанги, гьеб жинда рештIинабурав аварагги гьереси гьарулел гIадамал.**

**II. Гьел руго ахираталъул амруялдаса жал сагьвиллъун, гьафуллъун ругел гIадамал.**

**I2. Гьеб ахират букIиналда божичIого, гьеб махсароде гьабун жидеца гьикъулелги руго: «Кида букIунеб гьеб хIисаб мизан гьабулеб къо?» - абун.**

**I3. Гьеб хIисаб мизан букIине буго капурал гIадамал жужахIалда жанирги рехун рухIулеб къоялъ. Гьел гIадамаздаги абулеб:**

**I4. «ЧIаме нужеца гьаб гIазаб? Гьаб буго дунялалда нужеца жиб хехго бачIин тIалаб гьабулеб букIараб гIазаб» - абун.**

**I5. ХIакъалъунго Аллагьасда иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун жал хьвадарал гIадамал гьеб къоялъ алжаназул ахазулъ ва иццазулъ рукIине руго.**

**I6. Аллагьас жидее кьурал берцинал тIагIамал нигIматаздаса лазат босунелги рукIине руго. Гьал руго дунялалъул рукъор жидеца лъикIаб гIамал гьабулел рукIарал гIадамал.**

**I7. Гьел гIадамал сардилъ цIакъго дагьаб мехалъ гурони регун, кьжун рукIунел рукIинчIо. гьесда дугIа ва хIели гьабун** гIодулел рукIунел рукIана.

**I9. Аллагьас гьезие кьураб боцIи-малалдаса мискин-пакъирасеги, гьарун вачIарасеги нафакъаги, садакъаги кьолеб букIана.**

**20. Гьаб ракьалда тIадги гIемерал далилал руго жидеца Аллагьасда иман лъолел гIадамазе гьев Аллагь цо вукIиналда ва гьесул хIалкIолъи гучаб букIиналда жидеца тIоритIел гьабулел.**

**2I. Нужер нафсазда жанирги руго гьел гIаламатал. Гьаб жо нужеда кин бихьулареб?**

**22. Зобалазда тIаде буго нужее ризкъи гIатIилъиялъе сабаблъунеб цIад. Гьенибго буго нужее ахираталда букIунеб алжанги жужахIги къотIи гьаби жинда тIаде хъвараб лавхIул махIфузги.**

**23. Гьал зобал ракьалъул БетIергьанасул цIаралхIаги, гьаб нужее ахираталда букIине къотIи гьабураб жоги, дунялалда нужее къадар гьабураб ризкъиги жиб букIин хIакъаб жо буго, нуж кIалъалел рукIин хIакъаб бугеб гIадаин.**

**24. Духъе бачIанищ МухIаммад, Ибрагьим аварагасухъе рачIарал жал хириял, жидер къадро кIудиял гьалбадерил хабар.**

**25. Гьел гьалбал Ибарагьимиде тIаде лъугьана ва жидецаги абуна: «Нижеца дуда «Салам» гьабулеб буго!»-абун. Ибрагьим аварагасги абуна: «Нужееги салам буго, амма нуж дида лъаларел гIадамал ругоха» - абун.**


**26. Цинги гьев Ибарагьим хекого жиндир агьлуялъухъе ана ва кьарияб бачил бежараб гьанги босун вачIана.**

**27. Жинца гьезда цебе квен лъуна ва гьел квен кваначIого чIараб мехалъ Ибарагьимица абуна: «Я гъаринал, нужеца гьаб дир тIагIам кваналеб гьечIоха?» - абун.**

**28. Гьезул кверал тIагIаналда регьулелго рихьичIелъул Ибрагьимил рекIелъе хIинкъи ва шаклъи рехана. Цинги гьез мун хIинкъугеян абуна. Гьев Ибарагьим аварагасда жидеца рохелги бицана дуе вас гьавизе вугин, жив кIудияв гIедалго гIелму-лъай бугев, лъикIав васлъун вукIунев.**

**29. Гьеб хабар жинда рагIараб мехалъ, тамашалъун гьаракьги гьабулаго, Ибрагьимил чIужу Сарат гьезда цее ячIана ва жиндир гьурмаде хъатги кьабулаго цIакъаб гIажаиблъи гьабун абуна: «Кин дица лъимер гьабулеб? Дун йиго цIохIо лъимер гьабичIей херай чIужу» - абун.**

**30. Малаикзабаца абуна: Гьаб нижеца бицараб жо Аллагьасул азалияб хIукму буго. Мун гьелда щибго шаклъуге. Гьев БетIергьан Аллагь вуго жинда кинабго махлукъалъул ахIвал-хIал ва гьезие маслахIат бугеб жо лъалев. Жинца гьабулеб хIукмуялъулъ жив хIакимиявги вуго.**




**3I.** Ибрагьим аварагас **абуна: «Нужер кIвар бугеб амро щибха бугеб, я гьал Аллагьасул расулал?» - абун.**

**32. Гьез абуна: «Ниж ритIун руго жидеца цIакъ кIудиял мунагьал ва къабихIал ишал гьарулеб къавмалда.** Гьеб къавм буго ЛутIил къавм**.**

**33. Нижеца гьезда тIаде рештIинаризе руго жужахIалъул хIарш бухIун гьарурал ганчIал.**

**34. Гьел ганчIазда тIад дур БетIергьан Аллагьас гьабураб щивав чиясул гIужги букIине буго.** Гьесул цIар букIине буго ва щибаб гамачI гьеб цIар тIад хъварав чиясда щвезе буго» - абун.

**35. Дица гьеб къавмалъул росабалъан къватIире рачана гьенир рукIарал муъминзаби.**

**36. Гьеб къавмалда жаниб дида цохIо ЛутIил мина гурони бусурбабазул минаги батичIо.**

**37. Дица гьел ЛутIил къавмалъул росаби рукIараб бакI тана хадусел къавмазе гIаламатлъун. Гьел гIаламатаздаса вагIза босине Аллагьасдаса хIинкъулел муъминзабаз.**

**38. Муса аварагасул къисаялъулъги гьаруна дица аятал ва гIаламатал иман лъезе бокьарал гIадамазе жиндаса вагIаза босизе. Дица гьев Муса авараг пиргIавнида ва гьесул къавмалда витIараб мехалъ баянаб хIужаялдалъун.** Гьеб хIужаги Таврат букIана, цогиги гIемерал мугIжизаталги рукIана.

**39. Гьев пиргIавн Муса аварагасда иман лъеялдаса вусана кинабго жиндир къавмгун цадахъ.** Жиндир гIемерал боязда ва яргъил къуваталда божун, жив кIудияв хан вуго абун, чIухIана пиргIавн Мусада иман лъезе **ва гьес абуна: «Гьав чи вуго сихIрочи, яги жундуца ккурав чи»-абун.**

**40. Дица гьев пиргIавнги, гьесул боялги дир гIазабалдалъун ккуна ва дица гьел ралъдалъ жанире рехун гъанкъизе гьаруна. Гьев пиргIавн жиндир купру-ширкалдалъун жив какизе ва жиндие гIазаб гьабизе рекъаравги вукIана.** Гьесдаса чIухIарав инсан цоги вижун ватиги шакаб жо

буго: Гьев пиргIавн вукIиндал: «Дун вуго нужер бищун кIудияв БетIергьан»-абун жинца къавмалда абурав ва жив Аллагъ вуго абун кIалъалев!.

**4I. ГIадил къавмалъулъги буго иман лъезе бокьарал гIадамазе вагIза-насихIат. Диа гьезда тIаде биччараб мехалъ жиндир баракат гьечIеб гьури.**

**42. Гьеб гьуриялъ жиб тIаде щвараб щибго жо толеб букIинчIо жинца гьеб тураб жо гIадин гьалаг гьабун гурони.**

**43. Самудиязул къавмалъул къисаялъулъги буго вагIза-насихIат. Гьел Самудиязда абуна: «Нуж гьаб дунялалдаса кеп босулеллун рукIаха нуж гьалаг гьаризе цIараб гIуж тIаде щвезегIан» - абун.**

**44. Гьел Аллагьасул амруялда гIассилъана, гьесул расуласда нахъги рилълъинчIо. Цинги гьел ккуна гучаб гьаракьлъун бугеб гIазабалъ. Гьеб гIазаб жидеда тIадги бачIана жидеда бихьун, жал гьелда балагьун рукIун.**

**45. Гьеб гIазаб тIаде щвараб мехалъ гьезда жал гIодор чIараб бакIалдаса тIаде рахъизеги кIвечIо, гьезие квер бакьулев, гьездаса гIазаб нахъе чIвалев щивго чиги вукIинчIо.**

**46. Гьездасаги ццере НухIил къавмги гьалаг гьабуна дица. Гьел рукIана жидеца иман лъечIеб пасикъаб къавм.**

**47. Гьал рорхатал ва гIатIидал зобал дица нужада тIаде рорхун руго дир квераздалъун.** Дир къудраталдалъун буго дица гьел зобал рижун ва тIаде рорхун. **Дица гьел зобалги гьениб жаниб бугеб цогидал цIвабиги цIакъ кIудиял, гIатIидал гьарун руго.**

**48. Дица гьаб ракьги тIибитIун буго нужее гьелда тIад яшав гьабизе санагIат бугеблъун гьабун. Гьеб ракь тIибитIарав ва гьеб цIакъ мустахIикъаб хIалалъ гьабурав вуго Дун.**

**49. Дица щибаб жоялдаса кIиго жо бижана (пара). Нужеца гьелъул пикру гьабизе ва нужеда Аллагьасул хIалкIолъи лъазе.**

**50. Нуж кинабго купру-ширкалдаса лъутун, Аллагъ цо гьавиялда, гьесул цIоб-рахIматалда русса, я гьал гIадамал! Дун вуго гьев Аллагьасул рахъалъан нужее жужахIалъул гIазабалдалъун хIинкъи кьолев, алжаналъул нигIматаздалъун рохелги бицулев, гьесул хIакъав расул.** Дун расул вукIиналда тIоритIел гьабулел мугIжизаталги руго.

**5I. Нужеца гьев Аллагьгун цадахъ жиндие лагълъи гьабизе цоги алагьги ккоге. Гьедин нужеца Аллагьасдехун ширк гьабуни нужее букIунеб гучаб гIазабалдалъун хIинкъи кьолев расул вуго дун, дир рисалат баянав.**

**52. Гьаб дир къавмалъ мун гьереси гьавурав гIадинго МухIаммад, цересел умматаздаги цониги расул вачIинчIо гьел умматаз жив сахIир вуго, яги жундуца ккурав вуго абун гурони, ва живги гьереси гьавун гурони.**

**53. Гьал умматаз цояз цогидазда васият гьабунишха бугеб нужеца аварагзаби гьереси гьаре абун? Гьел руго къосиналъул рахъалъан гIорхъолъан арал гIадамал.**

**54. Мун гьеб къавмалдаса вусса, гьез иман лъечIо абун дуда щибго гIайиб букIунаро.**

**55. Дуца умматалъе гьабулеб вагIза насихIатги гьоркьоса къотIизе тоге! ХIакълъунго Аллагьасда иман лъурал гIадамазул ракIазе гьеб вагIза насихIаталъ пайда гьабула.**


**56. Дица киналго женал ва гIадамал рижичIо жидеца дие лагълъи гьабизелъун гурони.** Жидеда дун Аллагъ вукIин лъазе, дун цогояв вукIин, дица жал рижарав, дица хьихьулев, дица хвезеги гьарулев вукIин лъазе. Ахираталда тIаде рахъизе гьарун жидер хIиссаб-мизан гьабулев ва жидее жазаъ гьабулев хан цахIо дун вукIин лъазе. Гьаб хIалалъ жидеда дун лъараб мехалъ жидеца кинабго заман дун разилъи тIалаб гьабун, дие гIибадат гьабун ине гьабизе ккела.

**57. Дие гьездаса кинабгIаги ризкъиги бокьун гьечIо, гьез квен-тIех кьеялда хIажатавги гьечIо.**

**58. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагъ вуго жинца кинабниги рухI бугеб жоялъе ризкъи кьолев Разикъ. Жиндир къуват гуч бергьаравги вуго гьев Аллагъ.**

**59. ХIакълъунго жидеца гьав МухIаммад авараг гьереси гьавун жидерго нафсазе зулму гьабурал гIадамазе цересел умматазул капурзабазе букIараб гIадаб гIазаб букIине буго. Гьел гIадамаз дир гIазаб хехго бачIин тIалаб гьабуге абе!**

**60. ЦIакъ кIудияб къварилъи-балагъ букIине бугоха гьел капурла гIадамазе жидее гIазаб гьабизе къотIи гьабураб къиямасеб къо тIаде щвараб мехалъ!**


الجزء السابع والعشرون — سورة الذاريات

كَذَٰلِكَ مَآ أَتَى ٱلَّذِينَ مِن قَبۡلِهِم مِّن رَّسُولٍ إِلَّا قَالُواْ سَاحِرٌ أَوۡ مَجۡنُونٌ ﴿٥٢﴾
أَتَوَاصَوۡاْ بِهِۦۚ بَلۡ هُمۡ قَوۡمٌ طَاغُونَ ﴿٥٣﴾ فَتَوَلَّ عَنۡهُمۡ فَمَآ أَنتَ
بِمَلُومٖ ﴿٥٤﴾ وَذَكِّرۡ فَإِنَّ ٱلذِّكۡرَىٰ تَنفَعُ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ ﴿٥٥﴾ وَمَا خَلَقۡتُ
ٱلۡجِنَّ وَٱلۡإِنسَ إِلَّا لِيَعۡبُدُونِ ﴿٥٦﴾ مَآ أُرِيدُ مِنۡهُم مِّن رِّزۡقٖ وَمَآ أُرِيدُ
أَن يُطۡعِمُونِ ﴿٥٧﴾ إِنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلرَّزَّاقُ ذُو ٱلۡقُوَّةِ ٱلۡمَتِينُ ﴿٥٨﴾
فَإِنَّ لِلَّذِينَ ظَلَمُواْ ذَنُوبٗا مِّثۡلَ ذَنُوبِ أَصۡحَٰبِهِمۡ فَلَا يَسۡتَعۡجِلُونِ
﴿٥٩﴾ فَوَيۡلٞ لِّلَّذِينَ كَفَرُواْ مِن يَوۡمِهِمُ ٱلَّذِي يُوعَدُونَ ﴿٦٠﴾

سُورَةُ الطُّورِ

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

وَٱلطُّورِ ﴿١﴾ وَكِتَٰبٖ مَّسۡطُورٖ ﴿٢﴾ فِي رَقّٖ مَّنشُورٖ ﴿٣﴾ وَٱلۡبَيۡتِ
ٱلۡمَعۡمُورِ ﴿٤﴾ وَٱلسَّقۡفِ ٱلۡمَرۡفُوعِ ﴿٥﴾ وَٱلۡبَحۡرِ ٱلۡمَسۡجُورِ ﴿٦﴾ إِنَّ
عَذَابَ رَبِّكَ لَوَٰقِعٞ ﴿٧﴾ مَّا لَهُۥ مِن دَافِعٖ ﴿٨﴾ يَوۡمَ تَمُورُ ٱلسَّمَآءُ
مَوۡرٗا ﴿٩﴾ وَتَسِيرُ ٱلۡجِبَالُ سَيۡرٗا ﴿١٠﴾ فَوَيۡلٞ يَوۡمَئِذٖ لِّلۡمُكَذِّبِينَ
﴿١١﴾ ٱلَّذِينَ هُمۡ فِي خَوۡضٖ يَلۡعَبُونَ ﴿١٢﴾ يَوۡمَ يُدَعُّونَ إِلَىٰ نَارِ
جَهَنَّمَ دَعّٗا ﴿١٣﴾ هَٰذِهِ ٱلنَّارُ ٱلَّتِي كُنتُم بِهَا تُكَذِّبُونَ ﴿١٤﴾

٥٢٣

**Сурату ТIтIури 52.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда ичIго аят бугеб.

**I. 2. 3. ТIадегIанав Аллагъ гьедулев вуго: ТIур мегIералхIаги, жиб хирияб Къурьаналхlаги, жиб тIерен гьабураб тIомалде тIад хъван жиб цIалулеб кинабго зодиса рештIинабураб тIехьалхIаги.**

**4. Зобалазда жиб бугеб, жинда тIад малаикзабаца тIаваф гьабулеб байтул МагIмуралхIаги.**

**5. Жиб тIаде борхараб тIохгIадин бугеб зобалхIаги.**

**6. Къиямасеб къоялъ жинда цIа рекIун лагьлагьун букIунеб ралъадалхIаги.**

**7. 8. «ХIакълъунго Аллагьасул гIазаб капурзабазе жиб букIин хIакъаб буго ва гьеб гIазаб нахъе чIвазе кIолеб щибго жоги букIине гьечIо»-абун.**

**9. Гьеб къиямасеб къо буго жидер бакIалдаса рагъарун зобалги унеб.**

**I0. Ракьалда тIад гьаршун мугIрулги тIагIунеб.**

**II. Гьеб къоялъ цIакъ квешаб гIазаб букIуна жидеца гьеб ахират гьереси гьабулел рукIарал капурзабазе.**

**I2. Дунялаллъул рукъор жиб батIулаб, гьересияб жо бицунел рукIарал** ва жидеда гьаб ахираталъул щибго ургъелги букIинчIел.

**I3. Гьеб къо буго капурзаби жужахIалъул цIадаре ахIулеб къо ва гьел кутакалда тункагIусун гьенир жанирги лъугьинарулеб.** Гьенире жанир рехун хадуб жидеда абула:

**I4. «Гьале гьаб цIа буго нужеца дунялалда ругеб мехалъ жиб гьереси гьабулеб букIараб,**

**I5. Гьаб жоги сихIройишха бугеб? Яги нуж жакъаги нужеда щибго жо бихьуларел беццал гIадамалищ ругел?**

**I6. Нуж гьаб жужахIалда жанире лъугьа! Бокьани гьаб гIазаб хIехьон саброги гьабун рукIа нуж, бокьани сабро гьабичIого ахIолел чIва-чIвадулел рукIа! Нуж даимго рукIинелъун гьенир жанир лъугьинарурал руго. Гьаб жазаъги нужеца дунялалда гьабураб гIамалалда данде бугеб буго.**

**I7. Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамал ахираталда нигIматазул алжаназулъ руго.**

**I8. Аллагьас жидее кьурал нигIматаздаса лазат босулел руго. Гьел руго Аллагьас жал жужахIалъул гIазабалдаса цIунарал.** Гьездехун Аллагьасул рахъалъан абула:


**I9. «Нужеца гьал нигIматал кванае, гьал лазатал гьекъолел жалги гьекъе. Гьеб буго нужеца дунялалда ругеб мехалъ иман лъун, лъикIаб гIамал гьабиялда данде нужее бугеб жазаъ» - абун.**

**20. Жал мухъазда лъурал тахазда тIад хьибил чIван рукIуна муъминзаби. Цоцаде бадире балагьун, цоцада разилъун. Дица гьезие руччабилъун хIурул гIинзабиги кьола.**

**2I. Жидеца иман лъурал гIадамал, цинги гьезул лъимал хъизаназги иман лъурал дица гьел умумузда нахъ регIизе гьарула гьезул лъималги.** Гьел цоцаде ракI гъун рукIине. Гьезул даражамакъам цо гьечIониги ТIадегIанав Аллагьас жиндир цIоб рахIматалдалъун даража тIадегIаназда аскIор гьарула гьезул гIагарал гIадамал. **Дол даража тIадегIан бугезул ажро кириялдаса щибго жо мукъсанги гьабуларо.** Гьал жидер даража гIодобегIан бугеб гьезда нахъ регIизе гьаруна абун. **Кинавго инсан жинца квешаб гIамал гьабураб мехалъ гьеб гIамалалъе гIоло ахираталда жужахIалда лъугьизе гьавула.** ГIалимзабазул цоги тапсир буго гьаб ахираб рагIиялъе гьабураб: «Кинавго инсан жинца гьабураб гIамалалъе гьокьлъелалъе (залог) лъурав вуго»-абун.

**22. Дица гьеб алжаналъул агьлуялъе батIи-батIияб пихъ ва гьан тIадеги цIикIине гьабула гьезие жиб бокьулеб, гьезул хьул лълеб щибдай буго абун.** Бакъараб жо кваназе рес бугеб хIалалъ нигIматазул кинабго тайпа букIула гьезие.

**23. Махсаро-хвечI гьабун цояз цоязухъан лълъар босун гьекъолеб жо гьекъон рекIел гъей гьабулел рукIуна гьел. Щибго мунагь бугеб иш, гIададисеб калам ва пиша гьеб алжаналда жаниб букIунаро.**




**24. Гьеб алжаналъул агьлуялда тIаде гьезие хъулухъ гьабизе тарал алжаналъул гъилманал (служащие) хьвадула. Гьел цIакъ берцинаб сифат сураталдаги рукIуна: Жиндир лъелалда жаниб бугеб луълуъгIадин берцинал рукIуна.**

**25. Гьел муъминзаби цоцадухун руссун хабар бицунел, цоцаде гьикъарулелги рукIуна.**

**26. Жидецаги абула: «Ниж дунялалда ругеб мехалъ нижеда Аллагьасул гIазаб щвеладай абун цIакъ хIинкъун рукIунел ркIана.**

**27. Аллагьас нилъеда цIоб гьабуна ва гьес нилъ цIунана жиб щибаб расул кьибилалда жанибги лъугьулеб квешаб гIазабалдаса.**

**28. Дунялалада нижеца гьев Аллагьасе гIабидат гьабулеб букIана. Гьесие хIелулелги букIана, гьесдаса хIинкъулелги букIана.** Аллагьас гьаб гIибадаталъе ва дугIаялъе жаваб гьабун нижее гьаб лъикIлъи гьабуна ва жужахIалдаса цIунана. **ХIакълъунго гьев Аллагь жинца гIемер лъикIлъи гьабулев ва жив муъминзабада гурхIулев вуго» - абун.**

**29. Дуца дур къавмалъе вагIза гьабе МухIаммад гьаб хирияб Къурьаналдалъун. Мун гьел мушрикаца абухъин гьересичиги, жундуца ккурав чиги гьечIо.** Мун вуго киналго аварагзабадасаги Аллагьасе хирияв, гьес халкъалда дин лъазе гьабизе витIарав гьесул расул.

**30. Гьел мушрикаца абулебишха бугеб мун шигIручи вугин ва ниж балагьун чIун ругин кидадай мун хун нижеда тIаса ина абун?** Цо кинаб бугониги дунялалъул къварилъи-балагь тIаде бачIун мун хекого жидеда тIаса восилародай абун ралагьун руго гьел мушрикал, цинги жал парахат жидерго хъанчазе лагьлъи гьабулел ва дунялалъул лазатал росун, Аллагьасда гIассилъун рукIине.

**3I. Дуца гьезда абе МухIаммад! Нуж балагьун рукIаха! Дунги вуго балагьун вугев кидадай Аллагьас нуж гьалаг гьарила абун.**

**32. Гьел мушриказда жидер гIакълуялъищ абулеб бугеб жидеца гьаб гьереси бице абун ва хираяв аварагасда бугьтанал лъе абунги.** ГьечIо гьеб гIакъилаб агьлу. **Гьел руго жидер къосиналъулъ ва купру-шикркалъулъ гIорхъолъан рорчIарал гIадамал.**

**33. Яги гьаб Къуръан МухIаммадица жинцаго ургъун бицунеб жо буго абунищ гьез абулеб? Гьез абухъин гьечIо гьаб амру! Гьел руго жидеца Аллагьасдаги гьесул Къуръаналдаги иман лъоларел гIадамал.**

**34. Гьел мушрикал жидер рагIиялъулъ ритIухъал ратани гьаб Къурьаналда релълъараб жоги гьабун рачIа абе гьелги!**

**35. Гьел капурзаби рижунишха ругел жал рижарав БетIергьанги гьечIого! Яги гьел жидеда щибниги жо бижизе кIолел гIадамалищ ругел?**

**36. Яги жидецайищ рижун ругел гьал зобалги ракьги?** ГьечIо гьез бижараб щибго жо ва **гьел руго жидер гIакъло гьечIел гIадамал.**


**37. Гьел капурзабада кодобишха бугеб дур БетIергьан Аллагьасул хазинабазул ихтияр. Яги гьел жидер къуват-гуч бергьарал ханзабийищ ругел гьаб махлукъалъул тадбир ва тасаруф жидеца гьабизе.**

**38. Яги гьезул зодире рахунеб малийщ бугеб, гьелда тIадеги рахун зодиса рештIинабулеб вахIюяда гIенеккизе? Гьедин батани жидер хIужа далил бачун рачIаха гьел гIенеккарал чагIи!**

**39. Яги ТIадегIанав Аллагьасе ясалишха ругел нужеего васал рукIине бокьулебги букIадго?**

**40. Яги дуца гьел мушриказдаса ужра-мухь гьарулебищ бугеб МухIаммад, дуца гьезухъе Аллагьасул рисалат щвезабиялде данде, гьеб ужра кьезе гьезие бакIлъун, гьел иман лъечIого чIезе.**

**4I. Яги гьезда аскIоб балъгояб жоялъул гIелму-лъайищ бугеб, жидеца гьениса босун балъгояб жо хъвазе ва гьеб гIадамазда бицине.**




**42. Яги гьел мушриказе бокьунищ бугеб жидеца аварагасе макро гьабизе? Гьеб макроялъул квешлъи ва гьелъул балагь ахирги гьел капурзабада бусине буго.**

**43. Яги гьел мушриказе ТIадегIанав Аллагь гурев цоги алагьищ вугев? Жинца гьел рижарав, хьихьулев. Жив ТIадегIанав ва вацIадав вуго гьев БетIергьан Аллагь мушриказ жиндехун ширк гьабун жидее лагълъи гьабулел хъанчал гьесие гIахьал чагIилъун рукIиналдаса.**

**44. Гьел мушриказда бихьани зодиса цо къотIел бортун жидеда тIаде бачIунеб, цингиги гьез абизе буго: «Гьаб буго биццатаб, лъелцIураб накIкI нилъее цIад базе бачIунеб» - абун.**

**45. Дуца гьел мушрикал те МухIаммад, жидерго ахIмакълъиялъулъ ва купруялъулъ жидер гIакъло ине гьабулеб, жиндир гIазаб гучаб къиямасеб къо щвезегIан.**

**46. Гьеб къо буго мушриказе жидер хIила-макроялъул щибго кумек букIунареб ва гьезие квер бакъулев чиги вукIунареб.**


**47. Жидеца купру-ширкалдалъун зулму гьабулел гIадамазе ахираталда щвелелдего** (дунялалдаго) **гIазаб гьабизе буго:** Ракъи-къечI, унти къварилъи тIаде биччан, муъминзабаца гъазаватал гьарун жал чIван ва асир гьарун. **Ва амма гьел капурал гIадамазул гIемерисел жидеда гьаб хIукму гьадин букIин лъаларел, гьеб бичIунарел ва гьелда божуларел ругго.**

**48. Дуца сабро гьабе МухIаммад дур БетIергьан Аллагьасул хIукмуялда: ХIакълъунго мун вуго дида вихьулев, дица цIунулев, дица дуе квер бакъи гьабулев. Дуца дур бетIергьан Аллагьасе тасбихIги гьабе гьев Аллагь кIодо гьавигун ва гьесие рецц гьабигун цадахъ: мун кьижун вукIун тIаде вахъараб мехалъ, цо мажлисалдаса тIаде вахъараб мехалъги, Аллагьасда ццеве чIун гьесие как балеб мехалъги.** «СубхIаналлагьи ва бихIамдигьи» абураб ргIи аби буго гьаб Аллагьасул амру тIубайлъун букIунеб бищунго къокъаб ргIи.

**49. Сардилъ тIаде вахъунги дуца Аллагьасе тасбихI-суждаби гьарун гIибадат гьабе.** Гьесда дугIа ва хIелиги гьабе. Гьеб буго бищунго гIадамал Аллагьасдаса гъапулго рукIунеб гIуж, гьеб гIужалъ Аллагь рехсолев чи Аллагьасе вокьулев вукIин щибго жиндилъ шаклъи гьечIеб амро буго. **Зодиса цIваби тIагIулеб гIужалъги рехсе дуца Аллагь.** Гьаб буго рогьалил какда ццебе балеб кIиго ракагIат. Гьеб цIакъ хирияб суннатаб как буго. Гьелъул хIакъалъулъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абун буго*: «Рогьалида балеб кIиго ракагIат хирияб буго гьаб дунялалдасаги ва гьелда тIад бугеб кинабго жоялдасаги»*-абун.

**Сурату Ннажми 53. (цIваялъул сурат)**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда кIиго аят бугеб.




**I. Жиб гIодобе бортараб цIваялхIаги абун гьедулев вуго TIадегIанав Аллагь.**

**2. Нужеда витIарав МухIаммад авараг жив къосарав гьечIо ва мекъи ккаравги гьечIо.**

**3. Гьев кIалъалев гьечIо жиндаго ракIалда кааараб ва жиндие бокьараб жо бицун.**

**4.Гьев МухIаммад аварагас бицулеб жо гьечIо Аллагьас гьесда вахIю гьабураб жо гурони.**

**5. Аварагасда гьеб вахIю лъазабуна жив къуватав Жабраил малаикас.**

**6.-7. Жиндир гIакъло лебалав, черх къуватав. Гьев Жабраил малаик жиндир хIакъикъияб сураталда зобалазул борхалъиялда вуго.**

**8. Цинги гьев Жабраил МухIаммад аварагасда гIагарлъана ва лъикIаланго гьесда гIагарлъана.**

**9. Аллагьасул салам лъеяв Жабраилги хирияв МухIаммад аварагги цоцаде гIагарда рукIана чIор бутIалъул кIиябго рагIал цоцаде гIагарде бугеб гIадин. Жегиги гIагрда вукIана гьев кIиявго**.

**I0. Цинги TIадегIанав Аллагьас гьев Жабраил гьоркьов ккун жиндир лагъасда** (МухIаммадида) **вахIю гьабуна жинца вахIю гьабураб динияб амру.**

**II. Гьев аварагасул ракIалъ гьересиги гьабичIо жиндир беразда бихьараб сурат.** Гьев божана жиндие загьирлъараб сурат Жабраил малаикасул букIиналда.

**I2. Нужеца гьев МухIаммадида дагIба-къецишха гьабулеб бугеб, я гьал Къурайшиял, гьесда мигIражалда бихьраб жоялда** ва гьев мигIражалда иналда.

**I3. ХIакълъунго аварагасда Жабраил цоги нухалъ вихьана.**

**I4. «Сидратул Мунтагьа»-абулеб бакIалда аскIов жив вугеб мехалъ.**

**I5. Гьеб сидратул Мунтагьаялда аскIобго «Жаннатул маъва»-абун жинда цIар бугеб алжан буго.**

**I6. МухIаммад аварагасда гьеб сидратги бихьана жинда тIаде Аллагьасул нур рештIун гьеб нуралъ жиб гвангъунги бугеб мехалъ.**

**I7. Гьеб тIадегIанаб макъамалда вугеб мехалъ МухIаммад аварагасул бер гьеб сидраталдаса цогидаб рахъалда буссичIо ва гьев щибго хIал хисичIого жинде тIаде бачIунеб амруялда валагьун чIана.**

**I8. БичасхIаги МухIаммадида гьеб мигIражалъул сордоялъ жиндир БетIергьан Аллагьасул кIудиял гIаламатал рихьана.**

**I9. 20. Нужеца дида бице я гьал Къурайшиял, нужер алагьзабазул хIакъалъулъ: Лат, ГIуза, Манат абун нужеца жидеда цIар тарал.** Гьезие бугишха TIадегIанав Аллагьасе бугеб гIадаб къуват-гуч. Гьез щибниги жо бижулищ?

**2I. Нужее васал рукIине бокьулеб мехалъ гьев Аллагьасе ясалищха ругел?**


**22. Гьеб нужер бикьи цIакъ мекъаб бикьи буго:** Нужеца зулму гьабулеб буго Аллагьасе ясал руго абураб рагIиялдалъун.

**23. Гьел алагьзаби руго абун нужеца абулел жал гьечIо нужеца ва нужер умумуз жидеда цIарал лъурал хъанчал гурони. Аллагьас щибго хIужа рештIине гьабичIо нужеца бицараб рагIи битIараб букIиналъе. Нуж нахърилъльун руго нужеего ракIалда ккараб жоялда ва нужер нафсазе бокьараб жоялда. ХIакълъунго нужехъе Аллагьасул рахъалъун хIакъаб хIужаги бачIун букIадго**. Аллагьассул свалат салам лъеяв МухIаммад аварг вачIана гьаб хирияб Къуръанги босун. Нуж гьев Аллагьасда иман лъезеги чIухIун, гьаб Къурьналда нахърилъльизеги чIухIун, хирияв МухIаммад аварагги гьереси гьавун, квешаб гIамал кIодолъи гьабун чIчIана.

**24. Щивав инсанасе жиндир нафсалъе бокьараб щинаб жо букIунишха?**

**25. ЦохIо Аллагьасе буго гьаб дунялалъулги хадуб ахираталъуги ханлъи ва ихтияр.** Гьев Аллагьас кьола жиндие бокьарав чиясе гьесие бокьараб жо.

**26. ТIадегIанав Аллагьасе зобалазда гIемерал руго жал хириял малаикзаби; гьев Аллагьас изно кьун хадуб гурони жидер шафагIаталъ цониги чиясе мунпагIат гьабуларел. Гьеб изноги Аллагьас жиндие бокьарав ва жив разияв чиясе кьола.**




**27. Жидеца Аллагьасда ва ахираталда иман лъоларел гIадамаз гьел малаикзабаде цIарал лъолел руго гьел ясал руго абун.**

**28. Гьеб жо бицунел рукIин гурони гьезул щибго гIелмуги гьечIо. Жидеего ракIалда ккараб жо бицун, гьелда нахърилъун руго гьел мушрикал. Ва амма гьеб ракIалда ккараб жоялъ щибго мунпагIат гьабуларо хIакъаб жоялда аскIоб жиб лъураб мехалъ.**

**29. Мун вусса МухIаммад, жидеца гьаб дир Къурьаналъул вагIза босуларел, жидее цохIо гьаб дунялалъул чIаголъи гурони бокьунги гьечIел гIадамаздаса.**

**30. Гьаб дунял ахираталдаса тIаса бищи буго гьезул гIелмулъай щвараб бакI.** Гьезда жаниб цоги гIелму лъугьунаро. **Дур БетIергьан Аллагь жинда лъалев вуго жиндир нухалдаса къосарав чи щив вугев. Гьединго Аллагьада лъала жив битIараб диналда тIовитIаравлъун щив чи вугебги.**

**31. Гьев Аллагьасул мулк буго гьал зобалаздаги ракьалдаги жаниб бугеб кинабго махлукъ. Гьев Аллагьас жазаъ гьабизе буго жидеца купру-ширкалдалъун зулму гьабурал гIадамазе гьелда релъараб квешаб жазаъ гьабиялъ.** Жидеца **Аллагьасда иманги лъун аварагасда нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе Аллагьас цIакъ лъикIаб жазаъ гьабизе буго.** Гьезие нигIматазул алжанал рукIине руго.

**32. Жидее алжанал рукIунел гIадамал руго жидеца кIудиял мунагьаздаса ва къабихIал пишабаздасаги рикIкIалъи гьабулел. Жидедаса цIунизе кIоларел гIиссинал мунагьал гурони жидеца гьаруларел. ХIакълъунго дур БетIергьан жиндир гурхIел ва мунагьал рахчи гIемерав, гIатIидав вуго. Гьев Аллагь нужер киналго хIалал жинда лъалевги вуго. Нужер кIудияв эмен Адам ракьалдаса вижинелде ццебего лъалеб букIана Аллагьасда инсанас гьабулеб кинабго гIамал. Нуж эбелалъул чохьонир ругеб механъги, нуж дунялалда лъугьун хадуб нужеца гьабизе бугеб кинабго гIамал лъалеб букIа. Гьаб амро гьадин бугелъул нужеца нужерго напсал рацIцIуге! Аллагьасда цIакъ лъикI лъала жиндаса хIинкъарав чи щив вугевали ва** жинда гIасияв щив вугебги.

**33. Дуца дида бице МухIаммад, гьав къосарав, пасикъав чиясул хабар ва гьесул хIал: жив Аллагьасда иман лъеялдаса вуссарав ва хIакъаб Къурьаналда нахъ вилълъинчIев.**

**34. Жинца къотIи гьабураб боцIиялъул дагьаб жо кьурав, цинги жив бахиллъун къотIи хвезабурав.** Жинца кьезе бицараб боцIи кьечIого чIарав!

**35. Гьав мушрикасе балъгояб жойиш лъалеб бугеб ва гьесда ЛавхIул махIфузалда хъвараб жойищ бихьулеб?** Гьесда кин лъалеб жиндир мунагьал цогидас раччулеблъи:

**36. Гьасда хабарго бицинчIищ Муса аварагасда рештIинабураб Тавраталда хъван бугеб жоялъул?**

**37. Гьединго Ибрагьим аварагасда рештIинабураб жиб тIубараб ва камилаб Аллагьасул хIукмуялъул хабар рагIичIищ гьав мушрикасда?**

**38.** Киналго Аллагьас рештIинарурал тIахьазда бугеб хIукму буго: «**Цониги жинца жо баччунеб нафсалъ цогидаб нафсалъул мунагьал раччунаро»-абураб.**

**39. Щивав инсанасеги гьечIо жинцаго гьабураб гIамал гурони.** Дунялалъул рокъоб цогидас гьабураб мунагь-хIакъ гьесда баччинабуларо, цогидазул гIамалалъул гьесие кириги букIунаро. Ва амма гьев хун хадуб чIагояз гьабураб дугIаялъул, садакъаялъул гьесие мунфагIат букIуна.

**40. Иинсанас гьабураб гIамал ахираталда гьесда бихьизе буго,** хъван хIадурун батизе буго.

**4I. Цинги гьев инсанасе жиндир гIамалазда рекъараб, жиб тIубараб жазаги гьабизе буго.**

**42. Ва дур вуссинги, я инсан, дур БетIергьан Алагьасде буго, гьев Аллагь вуго жинца жазаъ гьабизе бугев. Аллагьасда иман лъун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарал муъминзабазе абадияб алжан хIадурун буго:** жиндир нигIматал лазатаб, жиндир лазат, рахIат сипат гьабун бицине кIолареб. ТIадегIанав Аллагьасда иман лъезе чIухIарал капурзабазе абадияб жужахIалъул гIазабги букIине буго.

**43. ХIакълъунго Аллагь вуго жинца роххелги пащманлъиги бижарав. Ахираталда жинца муъминзаби роххун релъанхъизарулев ва капурзаби гIодизарулев.**

**44. Гьев Аллагь вуго жинца хвелги чIаголъиги бижарав.** Аллагьас рухI лъолеблъун бижараб зарра гурони жиб чIаголъулеб ва жиб гIемерлъулеб (жиндир наслу бижунеб) гьечIо. Аллагьас рухI лъолареблъун, жиб бижуларебльъун бижараб зарра рухI лъолеблъун гьабизе кIолев щивго чи гьечIо.

**45. Гьев Аллагь вуго жинца кинабго рухI бугеб жо кIиго тайпа бижарав: бихьинабги цIуябги. Гьеб кинабго жо бижуна цохIо манидал къатIраялдаса, бихьинаб жоялъул гьодидаса бачIун цIуяб жоялъул рахIмоялъуб ккараб механъ.**

**47. Гьев ТIадегIанав Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун буго хун хадур кинабго халкъ тIаде бахъинабиги.**

**48. Гьев Аллагь вуго жинца жиндие бокьарав чи ризкъи гIатIид гьабун бечед гьавулев, бокьарав чи ризкъи къварид гьабун мискинго толев.**

**49. Гьев Аллагь вуго «ШигIра» абулеб цIваялъул БетIергьан.** Гьеб цIваялъе лагъалъи гьабулел цо гIадамал рукIана.

**50. Гьев Аллагь вуго жинца цересел гIадилал гьалаг гьарурав.**

**5I. Самудиялги гьалаг гьаруна Аллагьас, гьезул щивго чи нахъеги течIо.**

**52. Гьездасаги цебе НухIил къавмги гьалаг гьабуна Аллагьас. Гьеб къавм цIакъ къосараб, жидер зулму ва пасалъи гIемераб букIана.**

**53. ЛутIил къавмалъул «муътапикат» абулел росабиги зодореги росун гIодоре рехана Аллагьас.**

**54. Гьел росабазул агьлдуялда тIад цIакъ кIудияб балагьги рещтIана ва гучаб гIазабалъ гьел тIерхьинаруна.**

**55. Дуца ТIадегIанав Аллагьасул щал нигIматал гьереси гьарулел, я гьав инсан?**

**56. Гьав хирияв МухIаммад вуго цересел расулазда релъълъарав, жинца Аллагьасул гIазабалдалъун капурзабазе хIинкъи кьолев Аллагьасул расул.**


**57. Къиямасеб къо бачIинги цIакъго гIагарлъун буго.**

**58. Гьеб къиямасеб къоялъул къварилъи-балагь тIаде бачIараб механъ гьеб тIаса босине кIолев щивго чи гьечIо цохIо Аллагь гурони.**

**59. Нужеца гьаб Къуръаналда гIажаиблъи гьабун гьаб махсародейищ гьабулеб?**

**60. Нуж гьеб Къуръаналда тIад релъанхъулел руго гурищ? Нуж гIодизе кин гIодуларел гьеб Къуръаналъ нужее хIинкъи кьолеб ахираталъул гIазабалдаса хIинкъун.**

**6I. Нуж цIакъ гъапулго ва гIададаго ругоха, я гьал Аллагьасде иман лъечIел гIадамал!**



**62. Нужеца сужда гьабе жинца нуж рижарав, жив цогояв Аллагьасе. Нужеца гIибадатги гьев Аллагьасе гьабе.** Гьаб бакIалада сужда гьабизе суннатаб буго.

**Суратул Къамари 54. (моцIалъул сурат)**

**I. Къиямасеб къо чIейи гIагарлъун буго. МухIаммад аварагасе мугIжизатлъун моцIги хъвалхьана.**


**2. Къурайшиязул капурзабазда МухIаммад Аллагьасул расул вукIиналда тIоритIел гьабулел гIаламатал рихьаниги гьел иман лъеялдаса руссунел руго ва гьез абулеб буго гьеб моцI хъвалхьинги сихIру бугин МухIаммадица гьабураб ва жиб даимаб, мухIканаб.**

**3. Гьел Къурайшияз авараг гьереси гьавуна, гьес загьир гьабураб мугIжизатги гьереси гьабуна. Гьел жидерго гьава-напсалъе бокьараб жоялда нахъги рилълъина. Кинабго амруги жиндир чIолеб бакIалде щола ва гьениб чIола.** ЛъикIлъи лъикIал чагIазда чIола, квешлъи квешал чагIазда чIола. ЛъикIал гIадамал алжаналда чIола, квешал гIадамал жужахIалда чIола.

**4. Аллагьасда инкар кколел гIадамазухъе, БичасхIаги бачIана цересел умматазул хабар, гьеб хабаралда жаниб гьел куфру-ширкалдаса нахъе чIвазе гIураб вагIзаги букIана.**

**5. Гьаб хирияб Къуръанги тIубараб ва камилаб хIикмат буго жинца хIукмаби баян гьариялъулъ ва хIакъаб диналда тIоритIиялъулъ. Жал къосарал, жидер берал беццал, ракIазда тIад тIалъел лъурал гIадамазе щиб жоялъха гIейи гьабилеб гьел тIоритIизе?** Гьел инкарчагIи хIакъаб диналда тIоритIун кколаро кигIан кIудияб мугIжизат гьезда бихьаниги ва гьезие кинаб вагIза-насихIат гьабуниги.

**6. Мун гьал инкарчагIаздаса вусса, МухIаммад, ва гьезда кинаб балагьдай бачIуна абун валагьун чIа! Исрапил малаикас цIакъ жиб рихараб, жиб бокьулареб жоялде ахIараб къо буго гьел капурзабазе гIазаб гьабизе бугеб Къиямасеб къо.**




**7. Жидер бер хIинкъун, гьеб ракьалдаса эхеде борхизе кIоларого рукIуна капурзаби гьеб къоялъул гIазабалдаса хIинкъун. Жидер хобаздаса къватIире гьелги рахъула ракьалда тIибитIараб гарцI гIадин:** жидер гIемерлъиялъ цояз цоял мерхьунелги рукIуна.

**8. Жидеде ахIулев чи вугеб рахъалде ине гIедегIунги рукIуна гьел. Гьеб къоялъ капурзабаца абула: «Гьаб къо цIакъ захIматаб къо бугоха» – абун.**

**9. Гьездаса ццере рукIарал НухIил къавмалъги гьереси гьавуна жидехъе расуллъун вачIарав дир лагъ НухI. Гьев НухIида гьез абуна: «гьав чи жундуца ккурав чи вугин»-абун ва жидеца гьев дагIват гьабиялдаса нахъеги чIвана.**

**I0.** Гьез иман лъеялдаса жиндир хьул къотIараб мехалъ **НухI аварагас жиндир БетIергьан Аллагьасда ахIи бана ва гьес абуна: «Гьанже дун гьаб къавмалдаса къун вуго. Дуца дие квербакъи гьабе!» – абун.**

**II. Цинги дица зобалазул рагьаби рагьана кутакаб лъим чвахулеллъун.**

**I2. Дица ракьулъан къватIире иццал-лъаралги раккинаруна ва гьеб зобалъулги ракьалъулги кIиябго лъим данделъана дица жиб азалалдаго къадар гьабун букIараб хIалалъ гьеб НухIил къавм гъанкъизабун гьалаг гьабиялъе.**

**I3. Дица НухI аварагги гьесда иман лъурал гIадамалги тIад рекIинаруна хъарщал магIаздалъун цоцаде рукъун гьабураб гамаялда.**

**I4. Гьеб гама лъималда тIад билъэунеб букIана дир амруялдалъун ва дица цIунун. Гьеб НухIил къавм дица гьалаг гьабуна гьез жинда инкар ккурав дир лагъасул къисас босун ва гьесул дугIаялъе жаваб гьабун.**

**I5. Дица гьеб НухIил къавм тIупан тIун гъанкъизари тана хадусел умматазе вагIзалъун ва жиндаса гIакълу босулеб гIаламатлъунги букIине. Гьаб Аллагьасул хIалкIолъиялъул пикру гьабулев, гьелдаса вагIза босулев чиго гьечIищха?**

**I6. Дир хIинкъи кьейги хадуб дица гьабураб гIазабги кинха букIараб дир аварагзаби гьереси гьарурал, дир аятаздаса вагIза босичIел гIадамазе?**

**I7. БичасхIаги дица гьаб Къуръанги цIакъ бигьаяблъун гьабун буго жиб цIализе, жиндир магIна бичIчIине ва гьелдаса пайда босизеги. Гьаб Къуръаналъул пикру гьабулев, гьелдаса вагIза-насихIат босулев чиго гьечIищха?** Гьаб хирияб Къуръан тIадегIанав Аллагьас жиндаса мунпагIат босизе абун рещтIине гьабураб тIехь бугелъул, гьеб кинавго чияс жиндаса мунпагIат босулеблъун гьабун буго Аллагьас. Гьеб гьабун гьечIо цо гIадамазда жиб бичIчIулеблъун цогидазда бичIчIулареблъун. ГIарабиял ругониги гIажамиял ругониги щивасе жиндир мацIалде буссине гьабун Къуръаналдаса мунпагIат босизе рес буго. Гьеб цIализе ва рекIехъе лъазе гьабизе бигьаяблъунги гьабун буго Аллагьас.

**I8. ГIадилазги гьереси гьавуна жидехъе вачIарав расул Гьуд. Дир аварагзаби гьереси гьарурал гIадамазе дир хIинкъи кьей ва гIазаб гьаби кинха букIараб?**


**I9. Дица гьеб Гьудил къавмалда тIаде биччана жиб цIакъ пулеб, сверсведулеб гьури, жиделъ щибго баракат гьечIел къояз.** Жиб даимаблъун хутIана гьеб гIазабги

**20. Гьеб гьуриялъ гIадамал ракьалдаса рахъун зодоре росулел рукIана, цинги ракьалде тIадеги реххулел рукIана кьолболъан рахъарал чамастакил гъветIалъул рохти гIадин (пень).**

**2I. Дир гIазабги хIинкъи кьейги кинха букIараб жидеца дир аварагзаби гьереси гьарурал гIадамазе?**

**22. БичасхIаги дица гьаб Къуръан цIакъ бигьаяблъун гьабун буго жиб цIализе ва жиндасан гIибрат (гIакълу) босизе. Гьеб Къуръаналъул жиндие вагIза лъугьунев чиго гьечIищха?**

**23. 24. 25. Самудиязги гьереси гьаруна жидехъе рачIарал дир расулал. Гьез абуна: «Гьев нижедаго релъэарав, нижеда гьоркьоса чилъун вугев СвалихIида нахърилъэунищха ниж? Гьеб мехалъ ниж баянаб къосиналъулъ ва жундуца кквеялъулъ рукIуна гурищ? Гьесдайщ Аллагьас вахIю гьабулеб нижеда гьоркьоса? Гьев чи вуго жинца цIакъ кIудияб гьереси бицунев» – абун. щив вугев жинца кIудияб гьереси бицунев чи!**




**27. Дица гьезул хIалбихьи гьабизе ва гьезие питналъун букIине кьурулъан къватIибе варани бахъинабизе буго. Мун гьез щиб гIамалдай гьабула абун валагьун чIа, СвалихI, ва дуца сабруги гьабе!** Аллагьас дуе квербакъи гьабизе буго ва гьеб къавмалъе гIазабги гьабизе буго.

**28. Дуца гьеб къавмалда бице, СвалихI, жидеца гьекъолеб лъим вараниялдаги гIадамаздаги гьоркьоб бикьараб бугин абун.** Цо къо гIадамазе буго, цогидаб къо вараниялъе буго. **Жиндир ирга бугеб къоялъ гурони гьеб лъим гьекъезе гIадамал рачIине гьечIо.**

**29. Гьеб къавмалъ Аллагьас жидее гьабураб хIукму хвезабуна, гьезда вараниялъе лъим тейги чIалгIана. Гьез жидеда гьоркьоса бищунго къосарав чиги ахIун варани хъвезе витIана. Гьес жиндир хвалченалдалъун варани хвезабуна.**

**30. Гьев СвалихI гьереси гьавураб къавмалъе дир хIинкъи кьейги ва дир гIазабги кинабха букIараб?**

**3I. Дица гьеб къавмалда цохIо гьаракь биччана ва гьел тураб хер гIадин гIодоре рортун ана.**

**32. БичасхIаги дица гьаб Къуръан жиб цIализе, жиндаса вагIза босизе бигьаяблъун гьабуна. Гьаб Къуръаналъул жиндие вагIза-насихIат лъугьунев чиго гьечIищха?**

**33. ЛутIил къавмалъги гьереси гьавуна жидехъе гIазабалдалъун хIинкъи кьезе вачIарав расул.**

**34. Дица гьеб къавмалда тIад зодиса ганчIал речIана. ЦохIо ЛутIил агьлу хутIана жидеде гьеб гIазаб щвечIел. Дица гьев ЛутIги гьесул агьлуги хвасар гьабуна радакь гIужалъ, рогьалида цебе.**

**35. Дир рахъалъан нигIматлъун букIана гьев ЛутIги гьесул агьлуги хвасар гьаби. Гьадинаб лъикIаб жазаъ гьабула дица дир нигIматазда жидеца щукру гьабулел гIадамазе.**

**36. Дица ЛутIил къавмалъе хIинкъи кьун букIана дир гучаб гIазаб жидеде щвезе бегьулин абун. Гьел дир хIинкъи кьеялде божичIо ва жидее хIинкъи кьолев ЛутIги гьереси гьавуна.**

**37. Гьеб къавмалъ ЛутI аварагасдаса тIалаб гьабуна гьесухъе рачIарал гьалбал жидехъе кье абун,** гьезда ливатI гьабун къабихIаб пиша гьабизе**. Дица гьезул беразул канлъи инабуна. Жидеца чIаме абе дир гучаб гIазаб ва ЛутIица жидее кьолеб букIараб хIинкъиялъул жазаъ!**

**38. БичасхIаги гьезда тIаде рогьалил гIужалъ гучаб гIазабги бачIана. Жиб тIаса унареб, гьезда тIадго жиб чIараб.** Гьел гIодизарун, гьезул ракI унтизабун Аллагьс гьездаги абуна:

**39. «Нужеца чIаме гьеб дир гIазаб ва дица нужее кьураб хIинкъиялъул жазаъ» - абун.**

**40. БичасхIаги дица гьаб Къуръан бигьаяблъун гьабун буго жиб цIализе ва жиндасан вагIза босизе. Гьаб Къуръаналъул вагIза босулев чиго гьечIищха?** Гьал цересел умматазул къиса бицун гьаб Къуръан кIалъараб мехалъ Маккаялъул мушриказ гьелъул пикру кин гьабулареб ва гьединабго Аллагьасул гIазаб ва цим бахъин жидедаги щвеядаса щай хIинкъуларел?

**4I. ХIакълъунго ПиргIавнил къавмалъухъеги рачIана гьезие хIинкъи кьолел расулал. Муса ва Гьарун вачIана гьезухъе.**

**42. ПиргIавницаги гьесул къавмалъги дица Мусае кьурал киналго мугIжизатал гьереси гьаруна ва гьезда нахърилъльинчIо. Цинги дица гьелги гIазабалдалъун ккуна. Гучаб, жиб нахъчIвазе кIоларе гIазаб букIана жиндир гуч бергьарав Аллагьас гьезие гьабураб гIазаб.**

**43. Гьаб Маккаялъул капурзаби лъикIалищха ругел гьел цересел умматаздаса, яги нужее гIазаб букIине гьечIо абун зодосан рещтIарал тIахьазда гьеб къотIи хъванищ бугеб?**

**44. Яги гьел мушрикаца абулебищ бугеб ниж гIемерал руго ва ниж бергьине руго абун.**

**45. Гьеб мушриказул жамагIат ва къуват Аллагьас биххинабизе буго ва гьел мугъ бан лъутун инеги руго.**

**46. Гьеб гIазаб дагьабго жо буго. Ахираталда гьезие букIине бугеб гучаб гIазаб буго гьезие къотIи гьабураб унго-унгояб гIазаб. Гьеб Къиямасеб къоялъул гIазаб цIакъ гучаб ва кьогIаб буго** жидее дунялалда щолеб чIвай-хъвеялдаса ва асир гьариялдаса.**47. ХIакълъунго куфру-ширкалдалъун жидеца зулму-пасалъи гьабулел гIадамал жал къосарал руго,** ахираталдаги гьел жиб боркьараб цIада жанир рукIине руго.

**48. Гьел гьурмазда рехъерхъун жужахIалде реххулеб къо буго гьеб. Гьенире реххун хадуб гьезда абула: «Гьанже нужеца чIаме гьаб жужахIалъул гIазаб» – абун.**

**49. ХIакълъунго дица кинабго жо бижун буго жиндие къадар чIезе гьабун.** Гьеб кинабго жо ЛавхIулмахIпузалда хъвараб ва жиндир авал-ахир лъалеб, жиндир хIукму-къадар баян гьабураб буго. ГIададисеб щибго жо гьечIо. Жиндир тадбир ва тартиб гьечIого гьабулебги щибго жо гьечIо.

**50. Дир амруги гьечIо цохIо бер балагьи, яги бер къай гIадаб жо гурони.** Дие цо иш бокьараб мехалъ цохIо “Кун” абун абураб рагIи абун гьеб иш лъугьуна.


**5I. Валлагьи дица гьалаг гьаруна нужеда релъльарал куфру-ширкалъул гIемерал умматал. Гьеб ишалъул жинца вагIза босулев, пикру гьабулев чиго гьечIищха?**

**52. Гьел гIадамаз гьабураб кинабго гIамал жидер гIамал хъварал кагътазда тIад хъван цIунун буго.**

**53. Гьел гIамалазул кинабго гьитIинабги кIудиябги жо жиб хъван нахъе лъунги буго.**

**54. ХIакълъунго Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзаби алжаназул ахазулъ ва нигIматазул лъаразулъ рукIине руго.**

**55. Жинда разияб, жиб берцинаб ва тIадегIанаб макъамалда рукIине руго. Жиндир къадру-гуч кIудияв, жив хирияв хан – ТIадегIанав Аллагьасда аскIор рукIине руго.**




**Сурату РрахIмани 55.** А-РрахIманасул сурат Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб лъабкъоялда анцIила микьго аят бугеб.

1. **2.** Жиндие лагълъи гьабизе тIадав, жив цогояв Аллагь вуго. **Жив цIакъ гурхIулев, «Ар-РахIман» абун жинда цIар бугев. Жинца лагъзадерида Къуръан лъазабуравги вуго гьев Аллагь.** Зодисан рещтIине гьарурал тIахьазул бищунго хирияб буго Къуръан. Жинда жанир шаргIиял хIукмаби ва диналъул аслаби цIакъ баянго рицарабги буго, дунял паналъизегIан жиб нахъе хутIулеб, жиб хисизе-сверизе гьабуларебги буго. Жиб цIализе бигьаяб, рекIехъе лъазе гьабизе кIолеб, кинавниги муъминчиясда жиндир хIукму бичIчIулебги буго.

**3. Гьев Аллагьас инсан вижана.** Инсан вижиналъул аслияб мурадги буго Аллагьасе лагълъи гьабизе гIоло вижин. **4. Гьев инсанасда Аллагьас кинабго жо лъазеги гьабуна.**

**5. Бакъги моцIги хьвадулеб буго Аллагьас жидее бихьизе гьабураб, жиб хисулареб, камилаб хIисабалда.**

**6. Зодир ругел цIвабиги, ракьалда ругел гъутIбиги Аллагьасул амруялъе мутIигIлъун жидеца гьесие сужда гьабулеллъун руго.**

**7. ТIадегIанав Аллагьас зобалги тIаде рорхана, гIадамазе маслихIаталъе гьезда гьоркьоб цIадиро-къали хIалтIизабиги лъуна.**

**8. Нужеца борцунеб, цIалеб жоялъулъ хIилла-макру гьабичIого букIине.**

**9. Нужеца цIадиро-къали битIун чIезабе ва нужеца жиб борцунеб ва цIалеб жо нукъсан гьабун гIадамазе зарал гьабуге!**

**I0. Гьаб ракьги Аллагьас гIадамаз жиндаса мунпагIат босизелъун гьабуна**.

**II. Гьеб ракьалда тIад батIи-батIиял пихъал руго, жиндаса чамастак загьирлъулел къучIби (кисты) тIад рижарал чамастакил гъутIбиги руго.**

**I2. Хер-накку (салома) жидер букIунел тIорщалил хурзалги руго, гIадамаз махI сунтIун лазат босулел гIемерал махIал ругеб хер-тIегьги буго.**

**I3. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб бугеб, я гьал гIадамал ва жинал!** *Нижеца дур нигIматаздаса щибго жо гьереси гьабулеб гьечIо, я нижер БетIергьан! Кинабго рещги цохIо дуе буго.*

**I4. ТIадегIанав Аллагьас инсан вижана жиб бакъвараб, щегIалда релълъараб хIащул гIерекъалдаса:** жинда жаниб хIухьел пураб мехалъ жиндир гьаракь бахъунеб.

**I5. Аллагьас женалги рижана жиб бацIцIадаб,** жиндилъ кIкIуй жубачIеб, **багIариялъ жиндир кьер чIегIерлъараб цIадул мацIалдаса.**

**I6. Нужер БетIергьанасул щиб нагIматха нужеца гьереси гьабулеб?!** Щибго жо гьереси гьабуларо БетIергьан Аллагь! Кинабго рещги дуе буго!

**I7. Бакъги моцIги баккулеб бакIалъул БетIергьан вуго гьев Аллагь. Гьеб кIиябго тIерхьунеб бакIалъулги бетIергьанги вуго.**


**I8. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?** Цониги нигIмат гьереси гьабуларо БетIергьан Аллагь! Кинабго рещги дуе буго.

**I9. ТIадегIанав Аллагьас кIиго батIияб ралъад цоцада цун хьвадизе биччана:** цояб цIамхIалаб лъим бугеб, цояб гьуинаб, жиб гьекъолеб лъим бугеб. Гьеб кIиябго лъим цоцалъ жубалебги гьечIо.

**20. Гьеб кIиялдаго гьоркьоб Аллагьас пардав гьабун буго нужеда жиб бихьулареб, жинца гьеб кIиябго лъим цоцалъ жубазе толареб.**

Ибну Касирица абуна: КIиго ралъад абураб рагIиялдаса мурад буго гьуинабги цIамхIалабги лъим. Ралъадазул лъим цIамхIалаб букIуна, гIорал, иццазул лъим гьуинаб букIуна. Гьеб кIиябго лъим цохIо

ракьулъан къватIибе бачIараб, цохIо ракьалда тIад бугеб бугониги Аллагьас гьеб кIиябго батIа чIезе гьабун буго ва цоцалъ жубан кIиябго пасат гьабун гьечIо. Цоги гIалимзабаца абуна: жиб цоцалъ жубалареб, жиб кIиябго цоцада цун хьвадулеб гьуинабги цIамхIалабги лъим буго абун.




**2I. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб, я гьал гIадамал ва женал!**

**22. Гьеб кIиябго ралъдалъан къватIибеги бахъуна жиндир къимат бугел, жал берцинал луълуал ва маржанал, жавгьар-якъутал.**

**23. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**24. Гьев Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун хьвадулел руго ралъадалда тIад кIудиял гуми.** Лъималъ гьел кIудиял гумиги гьезда жаниб бугеб къайи-матахIги жинда тIад баччи цо хIикмат буго. Аллагьас гьел гуми гьалаг гьаричIого жиндир лагъзадерида гурхIун, гьезие квегъун хьвадизе гьари цоги хIикмат буго. Нагагь Аллагьасе гьеб гама ралъдалъ гъанкъизе гьабизе бокьани, гьеб цIунизе кIолев щивго чи вукIунаро.

**25. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**26. Гьаб ракьалда тIад бугебщинаб жо жиб паналъулеб блуго.**

**27. Жиб нахъе хутIулеб жоги цохIо дур БетIергьан Аллагь вуго. Жив хирияв, жиндир къадру кIудияв, жиндир сахавалъи гIаммав вуго гьев Аллагь.**

**28. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**29. Зобал - ракьазда бугеб кинабго махлукъ гьев Аллагьасда жиб хIажатаб буго.**

**30. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб,** я гьал гIадамалги женалги! Цониги нигIмат гьереси гьабуларо БетIергьан Аллагь. Кинабго рецци дуе буго.

**3I. Нужер хIисаб-мизан гьабизе ахираталда дун регIун вукIине вуго, я гьал женазулги гIадамазулги жамагIат!**

**32. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**33. Я гьаб женазулги гIадамазулги жамагIат! Нужеда кIолеб батани Аллагьасул гIазабалдасаги лъутун гьал зобал-ракьазул гIорхъабаздаса къватIире рахъине – гьениса къватIире рахъаха нуж! Нужеда кIоларо гьениса къватIире рахъине нужер цIакъ кIудияб гуч букIун гурони.** Гьеб гуч нужее кисан букIинеб? Аллагьас кьураб гурони нужер гьунар-гуч гьечIо. Аллагьас жиндир ихтияралда гъоркьан нуж рорчIилеб гIадаб гуч нужееги кьоларо.

**34. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**35. Къиямасеб къоялъ нужеде тIаде биччала, я гьал капурал гIадамал, цIадул боркьиги лагь-лагьиги. Жиб биараб пахьги тIола нужер бетIералде тIаде. Цинги нужеда кIоларо гьеб гIазабалдаса рорчIине ва цоцазе квербакъи гьабизеги.**

**36. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**


**37.** Халкъалда сверун лъугьине малаикзаби рещтIине **зобалги хъвалхьараб механъ, гьел зобалги цIакъ багIарлъун ругеб механъ.**

**38. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**39. Гьеб къоялъ жидеца мунагьал гьарурал гIадамазда ва женазда гьикъуларо нужеца щиб мунагь гьабураб абун.**

**40. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**4I. Куфру-ширк гьабурал гIадамал жидер гьумералъул сипаталдалъун лъала. Гьел гIадамал жужахIалда тIад тарал малаикзабаца бутIрулги хIатIалги ккун кIи сукIинарун** жужахIалде жанире рехула.




**42. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**43.** Гьел капурзабаздаги абула: **«Гьаб буго куфру-ширкалъул гIадамаз жиб гьереси гьабулеб букIараб жагьаннама» - абун.**

**44. ЖужахIалде рехараб агьлу гьеб боркьараб цIаялдаги, бухIараб хIамималдаги гьоркьор хьвадулел рукIуна.** ЦIадул бухIи хIехьезе кIвечIого лъим гьекъезе абун рахъуна гьел хIамималде. Гьеб хIамималъги кинабго чехь-бакь бухIун, добго жужахIалде жанире руссуна.

**45. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб,** я гьал гIадамал ва женал! Цониги нигIмат гьереси гьабуларо нижеца, я БетIергьан Аллагь! Кинабго рецци дуе буго.

**46. Ахираталда хIисаб-мизан гьабизе Аллагьасда цеве чIезе вукIин лъан, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарав муъминчиясе алжаналда жаниб кIиго ах букIине буго.** КIиго чIолеб бакI букIине буго: цо живго жанив чIолеб, цо жиндир руччаби ва хъулухъчагIи чIолеб. Дунялалъул рукъоб ханзабазул кIиго кIалгIа букIунеб гIадин. Гьев чиясул гьелдалъун рохел цIикIкIине ва цо бакIалдаса цоги бакIалде ун рекIелгъеялдаги вукIине.

**47. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**48. Жидер гIаркьалаби кIудиял ва керчал гъутIби ругел ахал руго гьел.**

**49. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**50. Гьеб кIиябго ахалда жанисан кIиго лъел иццги чвахулеб бугеб.**

**5I. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**52. Гьеб кIиябго ахикь киналго пихъаздаса кIирекъарал пихъалги рукIине руго:** Цо инсанасда дунялалда жиб лъалеб букIараб тIагIам, кьер-махI бугеб, цогидаб гьев инсанасда жиб лъалебго букIинчIеб тIагIам-лазат бугеб.

Жинда Аллагь разилъааяв Ибну Гіаббасица абуна: «Ахираталда алжаназда ругел нигIматазул цохIо цIарал рукIуна дунялалда рукIаразда релъарал. Гьел нигIматазул тIагIам-лазат цIакъ батIияб ва лазатаб букIуна»-абун.

**53. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**54. Тамахал тахазда ругел бусеназда хьибилчIван рукIуна гьеб алжаналъул агьлу. Жидер жанисеб рахъ меседил куналъ бессараб дарайдул бусен буго гьеб. Гьезда ахазул пихъги цIакъ гIагарде гьабун букIуна**: вегун вугониги, гIодов чIун вугониги, вахъун чIун вугониги жиндир квер бегьун щолеб бакIалда жиндие бокьараб пихъ букIуна.

**55. Нужер БетIергьанасул кинаб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**56. Гьел алжаназда жанир жидер бер россасде гурони балагьуларел хIурулгIинзабиги рукIуна. Гьев россасдаса ццебе гьелда цоги чиясул, яги женалъул квер хъатIичIел.**

**57. Нужер БетIергьанасул кинаб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**58. Жидер берцинлъиялъулъ гьел хIурулгIинзаби якъутазда ва маржаназда релълъунги рукIуна.**

**59. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**60. Дунялалъул рукъоб лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясе ахираталдаги гьелдаго релъараб лъикIаб жазаъ букIинарищха!**

**6I. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**62. Гьеб кIиго ах гуреб цогиги кIиго ах буго гьезулалде жидер макъам бахинчIел.**

**63. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**64. Жидер ахал цIакъ гIурччинал, бецIаб кьералде сверун рукIунел.** Лъим гIураб мехалъ хурхералъул гIурччинлъи бецIаб букIунеб гIадаб мисал бачин буго гьаб.

**65. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**66. Гьеб ахикьги жиб чвахулеб ва бурулеб кIиго лъел иццги буго.**

**67. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**68. Гьеб кIиябго ахикь пихъал руго, чамастакги буго, румманги буго (граната).**

**69. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**70. Гьел алжаназда жанир жал берцинал, жидер тIабигIат-гIамал лъикIал муъминал руччабиги руго.**

**7I. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**


**72. Гьел руго жидер чадиразда жанир рахчун рукIунел хIурулгIинзаби.**

**73. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**74. Гьел руччабазда жидер россабаздаса цеве щивго инсан, яги жен хъатIун вукIунаро.**

**75. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб?**

**76. Жал гIодорчIун ва хьибилчIван рукIуна тIохазда тIад лъураб гурччинаб дарайдул къандалъабазда. Жал берцинал, чIухIарал тIансабазда тIадги рукIуна.** ГIрабиязул гIадат буго кинабго жиндир берцинлъи-лъикIлъи тIокIаб жоялда гIабкъарияб абун абулеб. Цоги абуна: «ГIабкъар» абулеб яманалъул росо букIана жиндир агьлуялъ цIакъ чIухIарал тIансаби рессулеб. Гьелда релълъине гьабуна алжаналъул тIанса. Амма гьаб алжаналъул тIанса жиндие сипат гьабизе лъалареб берцинлъиялъул букIуна.




**77. Нужер БетIергьанасул щиб нигIматха нужеца гьереси гьабулеб,** я гьал гIадамал ва женал? щибго нигIмат нижеца гьереси гьабуларо, я нижер БетIергьан! Кинабго реццги дуе буго.

**78. Дур БетIергьан Аллагь жив тIадегIанав ва жив вацIцIадав вуго. Жиндир хиралъи ва сахавалъи даимавги вуго.**

**Суратул ВакъигIати 56.** Къиямасеб къоялъул бицунеб сурат

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб ункъоялда анцIила анлъго аят бугеб.

**I-2. Жиб букIин хIакъаб Къиямасеб къо чIараб мехалъ гьеб гьереси гьабулев щивго чи вукIунаро.**

**3. Гьеб буго кафурзаби гIодорегIаналлъун гьарун жужахIалде реххунеб, Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзаби алжаналда жанир тIадегIанал макъамазда рукIинарулеб къо.**

**4. Гьеб Къиямасеб къоги чIола кутакалда ракь багъарун хадуб.**

**5. МугIрулги тIутIун ун ханждал хIур гIадин лъугьараб мехалъ,**

**6. гьаваялда боржанхъулеб хIур гIадин гьел мугIрузул ракь-хIарщги араб мехалъ.**

**7. Гьеб къяолъ нужги рукIуна, я гьал гIадамал, лъабго батIияб къокъалъун.**

**8. Цо къукъа буго жидер гIамал хъварал кагътал кваранисан кьолел. Щибха бугеб гьеб квариниса кагътал кьолеб къокъа?** Щиб гIамал букIараб гьез дунялалда гьабураб?

**9. Цо къукъа буго жидер гIамал хъварал кагътал квагIаб рахъалъан кьолеб? Гьеб щиб къукъаха бугеб?** Кинаб гIамал гьез гьабулеб букIараб?

**I0. Жал алжаназул тIадегIанал даража-макъамалде ццере кколел, хисаб-мизанго гьабичIого гьеб макъам жидее кьолеб къукъа буго дунялалда лъикIаб гIамал гьабизе жал ццере кколел рукIарал гIадамал.**

**II. Гьел руго Аллагьас жинда гIагар гьарулел муъминзаби.**


**I2. Бищунго хирияб алжаналда жанир жал рукIунелги руго гьел.**

**I3-I4. ГIемерал гIадамал цересел умматазул руго гьел «ассабикъунал». Дагьалго гIадамал гьаб ахираб умматалъулги руго.** Гьаб умматалдаса цере гIемерал аварагзаби рукIиндал, гьезда иман лъурал гIадамалги гIемерал рукIунелъул абураб рагIи буго гьаб цересел умматазул «ассабикъунал» гIемерал руго абун.

Цоги магIна гьабуна: ассабикъунал гьаб МухIаммадил умматалъул авалал гIадамаздаса гIемерал руго абун. Гьел хириял асхIабзаби рукIиндалго, гьезул Аллагьасдаса хIинкъи ва гьесие мутIигIлъи гIемераб букIана.

**I5. Меседалъ рессарал (къачIарал) тахазда тIад рукIуна.**

**I6. Гьел тахазда хьибил чIван, цоял цоязда данде ритIунги рукIуна.** Муъминзаби цоцаде балагьун, цоцаде ракIгьун, рохун рукIуна. Гьезул цоясул мугъ цогидасда бихьуларо.




**I7. Алжаналда жанир даимго рукIунел гьилманалги гьезда тIаде хьвадулел рукIуна..**

**I8. Жидеда кодор лълъаралги (бокалал) рукIуна, сурахIал (графин) ва налбекалги (чаши) рукIуна. Жиб чвахун унеб гьекъолеб жоялъул цIун рукIуна гьел.**

**I9. Гьеб гьекъолеб жоялдалъун жидер бетIерги унтуларо, гIакълуги хисуларо.**

**20. Жидее бокьан щинаб пихъги букIуна гьел муъминзабазе.**

**2I. Жидер хьул лъураб боржунеб жоялъул гьанги букIуна.** Гьеб боржунеб жо гурелъулги жидер къасд ккараб гьан букIуна алжаналъул агьлуялъе. Аллагьасул свалат салам лъеяа аварагас бицараб хIадисалда буго: *«Дуда алжаналда жаниб боржанхъулеб цо хIинчI бихьараб мехалъ ва гьелъул гьан бугеб аницц дуе абун дур ракIалдаги хъатIараб мехалъ, гьеб хIинчI бежун, белъун дуда цебе босун бачIуна»* - абун.

**22-23. Жиндир къвачIаялда жаниб бахчун бугеб луълуалъул гIадаб жидер берцинлъи бугел хIурулгIинзабиги рукIуна.**

**24. Гьеб кинабго нигIмат жал ццере ккарал муъминзабазе букIуна жидеца дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалъе жазаълъун.**

**25. Жидеда гьеб алжаналда жаниб гIададисеб ва жиндилъ мунагь хIакъ букIунеб калам рагIуларо.**

**26. Жидеда гьениб рагIулеб калам буго «салам-салам» абун цоцаде абулеб рагIи.**

**27. Жидер гIамал хъвараб кагъат кваранаб рахъалъан кьурал гIадамал. Щал гIадамалха гьел ккколел?** Кинал нигIматал гьезие хIадурун ругел?

**28. Жидер заз тIаса къотIараб сидруялъул гъотIол рагIдукь рукIуна гьел. 29. Жиб пихъил цIураб бананалъул гъветIалъул рагIдукьги рукIуна. 30. Жиб даимаб, жиб кидаго тIаса унареб рагIадалъулъ рукIуна гьел. 3I. Жиб чвахун унеб лъимги букIуна.**

**32-33. Жиб гIемераб, нахъасан къотIулареб ва жиб босизе гьукъулареб пихъги букIуна.** Алжаналъул пихъ жиб кванана абун дагьлъулеб букIунаро. Гьединабго буго алжаналъул кинабго нигIмат: цо нигIмат босараб бакIалда цоги гьелда релълъараб лъолеб.

**34. Рорхатал тахазда тIамурал бусеналдаги рукIуна.**

**35. Дица алжаналъул руччаби цIидаса рижана.** Дунялалда гьезул букIунеб букIараб унта-щокълъи, гъиз-лъим тIаса ине гьабуна. ГIолохъанал, берцинал гьаруна.

**36. Гьел киналго руччаби гIолилаллъунги гьаруна,** гьезул гIолиллъи тIасса унареб гьабуна.

**37. Жидер россабазулгун гIелбащадал, жидее россаби цIакъ рокьулелги гьаруна.**

Жинда Аллагъ разилъаяй Умусалиматидаса бицараб хIадисалда буго: *дица Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьикъана гьаб 35, 36, 37 аятаЛъ бицараб жоялдаса. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Я Умусалимат! Гьел руччаби руго дунялалда рукIадго жал херлъун, сурукълъун, тIом букIкIун, мугъ къулун хварал руччаби. Аллагьас гьел тIаде рахъине гьарула жал цIакъ росабазе рокьулеллъун, гьезулгун сонал бащадаллъун»* - абун.

**38. Жидер гIамал хъвараб кагъат квариниса кьурал гIадамазе.**

**39-40. Гьел руго цересел умматазул жамагIат ва гьаб МухIаммадил умматалъул жамагIатги.**

**4I. КвегIаб рахъалъан жидехъе кагътал кьурал гIадамал. Щал гIадамалха гьел ругел ва** щибжо гьезие ахираталда хIадурун бугеб?

**42. Гьел рукIине руго боркьараб жужахIалъул цIаялъулъ ва жиб расул кьибилалда жанибе лъугьунеб махIалъулъги. Жиндир бухIи ва махIцин цIакъаб хIамималъулъги (гьекъолеб жо).**


**43. ЖужахIалъул кIкIуялъул бухIараб ргIадалъулъги рукIине руго.**

**44. Жинда жаниб щибго гьогьен гьечIеб ва жиндир щибго лъикIлъиги гьечIеб.**

**45. Гьел дунялалъул рукъор цIакъ чIухIарал, жидее гIемерал нигIматал кьурал рукIана.** Жидер напсалъе бокьарабщинаб жо гьабун, гьелъул лазат-шагьват тIубан хьвадарал рукIана.

**46. ЦIакъ кIудияб мунагьлъун жиб бугеб ширкалда тIад чIаралги рукIана гьел.**

**47. Гьез абулеб букIана: «Ниж хвезеги хун ракьлъунги, турарал рукьбилъунги лъугьараб мехалъ цIидаса тIадейищ рахъинарулел, 48. нижедаса ццере хварал нижер умумулгийищ тIаде рахъинаризе ругел? - абун. 49-50. Дуца гьел мушриказда абе МухIаммад: цереселги хадуселги киналго данде гьаризе руго жиб къотIи гьабураб, жиндилъ жазаъ гьабулеб къиямасеб къоялъ - абун.**




**5I-52. Цинги нужеца, я гьал къосарал ва Аллагьги аварагзабиги гьереси гьарулел гIадамал, жужахIалъул закъум абулеб гъветIалдаса кваназе буго.**

**53. Цинги нужеца гьеб квешаб, хъубаб тIагIамалъул чехьги цIезабине буго.**

**54. Гьелда тIаде бухIараб, махIцараб хIамимги гьекъезе буго.**

**55. Гьеб хIамим нужеца гьекъела лъим гьекъон гIорцIунарел, къечарал варанабаз гIадин.**

**56. Гьеб буго Къиямасеб къоялъ гьезие гьабизе бугеб гьоболлъи.**

**57. Дица рижана нуж киналго. Щибго жо гьечIеб бакIалдаса нуж рижарав дица хун хадур нуж тIаде рахинарила абураб ргIи нужеца щай ритIухъ гьабулареб?**

**58. Нужеда бихьуларищ ва нужеца пикру гьабуларищ нужеца къватIибе рехулеб манидал къатIраялъул.** Гьеб къатIра буго чорхолъан къватIибе бачIунеб лъим гIадаб, гIетI гIадаб жо. Гьеб къатIра чIужугIаданалъул рахIмоялде жанибе ккараб мехалъ гьениб гьелъул манидал къатIрагун цолъун жиб кIудияб гIола ва жиндаса инсан лъугьуна.

**59. Гьеб манидул къатIра инсанлъун бижине гьабулел нужищха ругел, яги дунищ вугев дица гьеб бижине гьабулев ва гьелда рухI лъолев?** ХIакъаб жо буго тIадегIанав Аллагъ вуго жинца гьеб бижине гьабулев ва гьелда рухI лъолев.

Гьеб амру гьадин бугелъул щайха Маккаялъул мушриказ иман лъолареб Аллагьас хун хадур тIаде рахъине гьаризе рукIиналда?!

**60 – 6I. Дица нужеда гьоркьоб хвел къадар гьабун буго:** гьеб тIаде щолареб щибниги жо букIине гьечIо. Гьеб хвелалъе кинавниги инсан цоцаде ващадав вуго. ЧIухIарав ханги гIодовегIанав лагъги гьеб хвалида цеве цохIо хIалалъ чIола. Бечедав-мискинав, къадру-къимат бугев чи гьелъ ватIа гьавуларо.

**Дун щибго жоялъ гIажизги гьавуларо дица нужги гьалаг гьарун нужер бакIалда цоги нужедаго релълъараб халкъ бижиналдаса. Ахираталда нуж цIидаса рижиналдасаги дун щибго жоялъ гIажиз гьавуларо. Гьеб цIидасан рижи нужеда жиб лъалареб, нужер гIакълу жинда хадуб гьолареб хIалалъ букIинеги бегьула.**

**62. ХIакълъунго нужеда бихьана ва нужеда лъала нуж тIоцебесеб нухалъ кин рижаралали. Гьелъул вагIза щай нужее лъугьунареб**, щибго жо гьечIеб бакIаладса жинца нуж рижарав Аллагьасда хун хадур тIаде рахъинаризе кIолеблъи кин нужеда бичIчIунареб?

**63. Нужеда бихьуларищ ва нужеца пикру гьабуларищ гьаб нужеца бекьулеб хуралъул?**

**64. Нужищха ругел гьеб ракьулъе рехараб мугь бижинабулел гIадамал, яги дунищ вугев дица гьеб бижинабулев?!**

**65. Дие бокьун букIараб ани дица гьеб хуриб бижараб жо жиб бакъвараб, турун гIодобе араб херлъун гьабилаан. Цинги нужги рукIинаан гьелда гIажаиблъун, ракI къварилъун.**

**66. Нужецаги абизе букIана нижеде тIаде рецIел кканаха абун.**

**67. Ниж ризкъиялдаса махIрум гьарун руго абунги абилаан нужеца. 68. Гьаб нужеца жиб гьекъолеб лъимгIаги бихьуларищ нужеда ва гьелъул пикру гьабуларищ? 69. Гьаб зодисан рещтIинабурал гIадамал нужищха ругел, яги дунищ вугев дица гьеб лъим рещтIинабурав?**

**70. Дие бокьараб ани дица гьеб лъим гьабилаан цIакъ цIамхIалаб, кьогIаблъун. Аллагьасе (عز وجل) щукру кин нужеца гьабулареб?**

**7I. 72. Гьаб нужеца бакулеб цIагIаги бихьуларищ нужеда ва нужеца гьелъул пикруги гьабуларищ? Гьеб цIа жиндаса бакулеб гъветI нужецайищха бижараб, яги дунищ вугев дица гьеб гъветI бижинабурав?**

**73. Дица гьеб дунялалъул цIа гьабуна жиндаса вагIза босулеблъун, гьеб цIаялдаса мунпагIат босине бокьарал гIадамаз гьелдаса мунпагIат босулеблъунги гьабуна.**

**74. Дуца дур БетIергьан Аллагьасе тасбихI гьабе, МухIаммад, жиндир къадру кIудияв, жиндир гьунар ва гуч камилав.**

**75. Дун гьедулев вуго цIваби хьвадулел нухаздалъун ва гьел жиндилъ рещтIунел бакIаздалъунги.**

**76. Гьаб гьа гьадинги цIакъ кIудияб гьа гьеди бугоха! Нуж жо лъалел ва бичIунел гIадамал рукIаралани нужеца Аллагьасда иман лъелаан ва гьесдехун къацандиги телаан.**

**77. Гьаб нужее МухIаммадица цIалулеб бугеб тIехь жиб хирияб Къуръан буго.**

**78. Жиб цIунараб тIехьалда жаниб хъван бугебги буго.**

**79. Гьеб тIехьалда квер хъатIуларо жал рацIцIадал гIадамаз гурони.**

**80. Гьаб буго кинабго гIаламалъул БетIергьан Аллагьас рещтIинабураб тIехь.**

**8I. Гьаб Къуръанищха нужеца гьереси гьабулеб, я гьаб инкарчагIазул жамагIат?**

**82. Аллагьас нужее кьураб ризкъиялда щукру гьабичIого, гьелда инкар ккун, гьебги нужеца гьереси гьабулеб бугоха!**

**83. 84. 85. Цо нужее вокьулев чиясул малаикзабаца рухI бахъулеб букIун, гьеб рухI щокъробе щун бугеб мехалъ, нужги гьеб бакIалда гьесда тIаде ралагьун ругеб мехалъ, нужеда вихьулев гьечIониги нужедасаги гIагарда дунги вугеб мехалъ гьев жиндир рухI босулев чиясда.**


**86. 87. Нуж тIаде рахъинарун нужер гIамалазе жазаъ гьабулареллъун ратании, нужеда кIвезе букIана гьев нужее вокьарав чиясул рухI бахъине биччачIого жиндирго бакIалда буссинабизе, нуж битIараб жо бицунел гIадамал рукIаралани.**

**88. Ахираталда цо пуланав Аллагьасул лагъ Аллагьас жинда гIагарде гьарурал муъминзабаздаса ватани**

**89. Гьесие Аллагьасда аскIоб цIакъаб парахалъи буго, берцинаб, хирияб ризкъиги буго, нигIматазул алжаналги руго.**

**90. Жиндир гIамал хъварал кагътал кваранисан кьурав чи ватани,**

**9I. Гьесде абула: «Дуде салам буго жидехъе кваранисан кагътал кьурал муъминзабазул» - абун.** Гьев гьелгун цадахъ нигIматазул алжаналда жанивги вукIуна.


الجزء السابع والعشرون — سورة الواقعة

إِنَّهُۥ لَقُرْءَانٌ كَرِيمٌ ﴿٧٧﴾ فِى كِتَٰبٍ مَّكْنُونٍ ﴿٧٨﴾ لَّا يَمَسُّهُۥٓ إِلَّا
ٱلْمُطَهَّرُونَ ﴿٧٩﴾ تَنزِيلٌ مِّن رَّبِّ ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٨٠﴾ أَفَبِهَٰذَا ٱلْحَدِيثِ
أَنتُم مُّدْهِنُونَ ﴿٨١﴾ وَتَجْعَلُونَ رِزْقَكُمْ أَنَّكُمْ تُكَذِّبُونَ ﴿٨٢﴾ فَلَوْلَآ
إِذَا بَلَغَتِ ٱلْحُلْقُومَ ﴿٨٣﴾ وَأَنتُمْ حِينَئِذٍ تَنظُرُونَ ﴿٨٤﴾ وَنَحْنُ أَقْرَبُ
إِلَيْهِ مِنكُمْ وَلَٰكِن لَّا تُبْصِرُونَ ﴿٨٥﴾ فَلَوْلَآ إِن كُنتُمْ غَيْرَ مَدِينِينَ
﴿٨٦﴾ تَرْجِعُونَهَآ إِن كُنتُمْ صَٰدِقِينَ ﴿٨٧﴾ فَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ ٱلْمُقَرَّبِينَ
﴿٨٨﴾ فَرَوْحٌ وَرَيْحَانٌ وَجَنَّتُ نَعِيمٍ ﴿٨٩﴾ وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنْ أَصْحَٰبِ
ٱلْيَمِينِ ﴿٩٠﴾ فَسَلَٰمٌ لَّكَ مِنْ أَصْحَٰبِ ٱلْيَمِينِ ﴿٩١﴾ وَأَمَّآ إِن كَانَ مِنَ
ٱلْمُكَذِّبِينَ ٱلضَّآلِّينَ ﴿٩٢﴾ فَنُزُلٌ مِّنْ حَمِيمٍ ﴿٩٣﴾ وَتَصْلِيَةُ جَحِيمٍ
﴿٩٤﴾ إِنَّ هَٰذَا لَهُوَ حَقُّ ٱلْيَقِينِ ﴿٩٥﴾ فَسَبِّحْ بِٱسْمِ رَبِّكَ ٱلْعَظِيمِ ﴿٩٦﴾

سُورَةُ الحَدِيدِ

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

سَبَّحَ لِلَّهِ مَا فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ وَهُوَ ٱلْعَزِيزُ ٱلْحَكِيمُ ﴿١﴾ لَهُۥ مُلْكُ
ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۖ يُحْىِۦ وَيُمِيتُ ۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ﴿٢﴾ هُوَ
ٱلْأَوَّلُ وَٱلْءَاخِرُ وَٱلظَّٰهِرُ وَٱلْبَاطِنُ ۖ وَهُوَ بِكُلِّ شَىْءٍ عَلِيمٌ ﴿٣﴾

٥٣٧

**92. Гьев чи ватани жив къосарав, жинца ахират гьереси гьабун хьвадарав чи,**

**93. Гьесие бугеб гьоболлъи бухIараб, махIцараб хIамими буго.**

**94. Гьев жужахIалъул цIадавеги лъугьинавула** ва гьеб цIаялъ вухIулевги вукIуна.

**95.** Гьаб цебеху гьеб жазаъ гьаби щивасул гIамалалда релъулъун букIинги **жиб хIакъаб, жиб букIине букIин якъинаб амру буго.** Гьелда инкар гьабиги цIакъ ахIмакъаб пиша буго.

**96. Дуца дур БетIергьан вацIцIад гьавун «СубхIаналлагьилгIазим» абе, МухIаммад.** Жив вацIцIадав ва тIадегIанав вууго, жиндир ханлъи бергьарав, къудрат камилав Аллагь.

**Суратул ХIадиди 57.** Маххалъул сурат Мадинаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб къоло ичIго аят бугеб.

**I. ТIадегIанав Аллагь вацIцIад гьавула, гьев кIодо гьавун гьесие рещги гьабула зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъалъ. Гьев Аллагь жиндир гуч бергьарав вуго, жинца гьабулеб хIукму къадаралъулъ ва лагъзадерил тадбиралъулъ хIакимиявги вуго.** МунпагIат бугеб хIукму гурони гьабуларев, гIадлу битIарав вуго.

**2. Гьев Аллагьасе буго зобалазулги ракьалъулги ханлъи. Жинца чIаго гьарулев ва жинца хвезеги гьарулев вуго гьев Аллагь, жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев вуго**.

**3. ТIадегIанав Аллагь жив авалав вуго жиндаса цебехун щибго жо букIинчIев. Жив ахиравги вуго:** Кинабго махлукъалдаса хадувги жив нахъе хутIулев. Жиндир ватиялъе авал-ахир гьечIев вуго гьев Аллагь**. ГIакълуялда рекъон жив вукIин загьирав вуго жив ватиялъе гIемерал далилал рукIун. Беразда жив вихьуларев батIинавги вуго.** Жиндир хIакъикъат лъаялдаса махлукъ гIажизав вуго. **Жинда кинабго жо лъалевги вуго гьев Аллагь.**

Гьесда лъачIого цохIо зарра гIадаб жо балъго хутIуларо зобалазда бугониги, ракьалда бугониги.


**4. Гьев Аллагь вуго жиндие лагъалъи гьабизе тIадав БетIергьан, жинца зобалги ракьги анлъго къоялда жаниб бижарав.** ***Цинги Жинца ГIарщалда истиваъ гьабурав:*** жиндир заталъул къадруялда рекъараб хIалалъ. Нилъеда гьелъул хIал бицине лъаларо ва мисал бачинеги лъиларо. **Гьев Аллагьасда лъала ракьалда жаниб лъугьунеб жо:** цIад бугониги, хварал гIадамал ругониги. **Гьеб ракьулъан къватибе бачIунеб жоги лъала:** хер бугониги лъим ва магIдан бугониги. **Зодиса гIодобе рещтIунеб жоги лъала Аллагьасда:** цIад бугониги, рахIмат, гIазаб бугониги, малаикзаби ругониги. **Зодобе бахун унеб жоги лъала:** лагъзадерил лъикIаб гIамал бугониги, малаикзаби ругониги. **Гьев Аллагь жиндир гIелму-лъаялдалъун нужгун цадахъ вуго нуж кир ругониги.**

**5. Гьев Аллагьасе буго зобалазулги ракьалъулги ханлъи. Ахираталда кинабго халкъалъул амруги гьев Аллагьасде буссине буго.**

**6. Жинца сордо къоялде жанибе лъугьинабулев вуго гьев Аллагь, гьединго къо сордоялде жанибе лъугьинабулевги вуго. Гьев Аллагь жинда цIакъ лъалев вуго гIадамазул каранда ругел ракIазда жаниб бугеб жоги.**

**7. Нужеца гьев Аллагьасдаги гьесул расуласдаги иман лъе! Аллагьас нужехъе кьураб ризкъиялдаса нужеца садакъа-напакъаги кье!** Нужеда кодоб бугеб боцIи-мал буго Аллагьас нужехъе кьураб гьесул мулк. **Нужедаса гьев Аллагьасда иманги лъун, гьеб боцIи-мал Аллагь разилъулеб нухалда напакъадеги кьун хьвадарал гIадамазе ахираталда цIакъ кIудияб ажру букIине буго.** Аллагь разилъи ва нигIматазул алжанал рукIине руго.

**8. ТIадегIанав Аллагьасде иман лъечIого букIине ккани нужее бугеб къварилъи щиб бугеб, гьев Аллагьас нужеде витIарав расулас нуж ахIулел ругеб мехалъ нужер БетIергьанасда иман лъеялде. ТIадегIанав Аллагьас нужедаса къотIиги босун букIаго гьев Аллагь цо гьавун, гьесие гIибидат гьабиялъе. Нуж Аллагьасда иман лъурал гIадамал ратани** нужеда гьаб хIакъикъат лъай.




**9. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца жиндир лагъасда:-Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасда, гьаб хирияб Къуръан рещтIине гьабулев. Жидеца шаргIиял ахIкамал баян гьабулел жал мухIканал аятал руго гьел. Гьел аятаздалъун Аллагьас нуж куфруялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рахъине гьаризе. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго нужеда жив цIакъ гурхIулев.** Гьеб гурхIел буго дол цере рицарал гIакълиял далилал рижун течIого нуж хIакъаб диналде ахIизе расул витIин ва гьесухъе жинца нуж иманалъул нуралде тIоритIулеб хирияб Къуръан рещтIине гьабиги. АлхIмдулиллагь! Кинабго рещц Аллагьасе буго гьев БетIергьан Аллагь лъалеллъун нилъ гьарун ругелъул.


**I0. Нужее бугеб щиб, я гьал муъминзаби, нужеца Аллагьасул диналъе гIоло нужер боцIи-мал напакъаде кьечIого букIине ккани?! Зобалазулги ракьалъулги кинабго ирсги тIадегIанав Аллагьасе бугелъул.** Нужги хун нужер боцIи-малги цогидазе ирсалъе ине буго. Гьедин ирсалъе ине течIого гьеб Аллагьасе гIоло харж гьабе! Ахираталда нужее гьеб кIудияб хазиналъун батизе буго.

**ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб жидер даража макъам цоцаде бащадал рукIунаро Макка бахъилелде церего жидеца Аллагьасда иманги лъун, гьесул расуласе квербакъиги гьабун напакъа кьолел рукIарал ва авараггун цадахъ жал мушрикалгун рагъулел рукIарал муъминзабиги, гьеб Макка бахъун хадуб жидеца иман лъурал муъминзабиги. Дол Макка бахъилелде цебего жидеца иман лъурал ва жидеца рагъги гьабурал муъминзаби жидее бугеб ажру цIакъ кIудиял руго, Макка бахъун хадуб жидеца напакъа кьурал ва рагъги гьабурал муъминзабаздасан. Аллагьас гьаб кIиябго къукъаялъе лъикIаб ахират къотIи гьабун буго. Гьев Аллагь вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жанда лъалев.** Гьеб гIамалалъул загьирабги балъгоябги жинда лъалев вуго, нужер рекIелъ ругел хиялалги жинда лъалев вуго. Нужее ахираталда гьабулеб жазаъги гьел нужер гIамалазда рекъон гьабизе буго.

**II. Жинца Аллагь разилъи тIалаб гьабун боцIи-мал кьолев чи щив вугев, жиндие Аллагьасги цIакъ гIемераб боцIи-мал кьезе ва кIудияб, хирияб ажру гьелда данде кьезе?** Дунялалъул рукъоб хIалалаб, берцинаб магIишат кьезе, ахираталда нигIматазул алжаналги кьезе?

**I2. Дуца умматалда бице, МухIаммад: муъминал бихьиназда ва руччабазда ццебе ва кваранисеб рахъалда хьвадулеб нур бихьулеб къоялъул хабар. Гьел муъминзабаздаги абулеб: «Нужее рохел буго жакъа! Жидеда жаниса нигIматазул лъарал чвахулел алжанал руго, даимго рукIинелъун нуж гьенир жанире лъугьинаризе. Гьеб бугоха цIакъ кIудияб бахьи буголъи ва рохалида кверщел бати!» - абун.**

Муъминзаби сиратIалдаса унеб мехалъ букIуна гьеб нур гьезда цебе ва кваранаб рахъалъан. Гьеб нурги жидер иманалда ва лъикIаб гIамалалда релълъун щивасе батIи-батIияб букIуна. Гьелдалъун муъминзабазул гьурмалги бецIаб сардилъ цIураб моцIалда релълъун жидедасан нур загьирлъулел рукIуна.




Жидеда Аллагъ разилъаял абу Дардаица ва абу Зарица хIадис бицана ва гьез абуна: *«Нижеда Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг рагIана жинца абулев: «Дун вуго къиямасеб къоялъ жидеца сужда гьабизе изну кьолезул авалав, гьеб суждаялдаса бетIер тIоцебе борхулевги вуго дун. Гьеб бетIер эхеда борхараб мехалъ дун валагьула дида цевеги, нахъеги, кваранисаги квегIисаги. Дида дир умматалъул гIадамалги лъала цогидал умматазда гьоркьоса»*-абун. Цинги цо асхIабас абуна: *«Я Расулаллагьи! Дуда кин дур уммат лъалеб НухI аварагасул заманалдаса рукIарал гIемерал умматазда гьоркьоса»*-абун.

**I3. Гьеб къоялъ мунапикъал бихьиназ ва руччабаз абула муъминзабазде хитIаб гьабун: «Нуж чIа нижееги нужер нуралъ канлъи гьабизе ва нижги гьеб нуралъулъ сиратIалдаса ине» - абун. Гьезие жаваб гьабун муъминзабаца абула: «Нуж нахъ руссун дунялалде а ва гьенире ун гьенисан балагье нужеего нур» - абун. Цинги гьел мунафикъзабаздаги муъминзабаздаги гьоркьоб сангар гьабула жиндир рагьуги бугеб. Гьеб сангаралъул жанисеб рахъалда Аллагьасул рахIмат букIуна:** алжан букIуна ва муъминзабиги гьеб рахъалда рукIуна. **Гьеб сангаралъул къватIисеб рахъалда жужахI букIуна** ва мунапикъзабиги цогидаб жужахIалъул агьлуги гьениб букIуна.


**I4. Гьел мунапикъзабаца муъминзабазде ахIула: «Нижги нужгун цадахъ рукIана гурищ дунялалда?»–абун.** Нижецаги какги бана, кIалги ккуна, гъазаватги гьабуна. Нижееги кумек гьабе нужгун цадахъ рукIине абун. **Гьезие муъминзабаца жаваб гьабула: «БитIараб буго! ТIасан нуж нижгун цадахъ рукIана. Амма нужер рекIелъ иман букIинчIо ва гьелдалъун нужеца нужго гьалаг гьаруна. Нуж рукIана муъминзабазде балагьал щвезе бокьулел, гьел гъазаваталда къезе бокьулел. Нуж диналъулъ щакдарулелги рукIана. Нуж хьулаца ва гьава-напсалъ гуккана, гьеб хIалалда нужги хвана.** Тавбу гьабичIого, Аллагъ разилъи тIалаб гьабичIого. **Жинца гуккулеб, жиндир хIилла-макру бугеб щайтIаналъги нуж гуккана»** – абун. «Аллагъ гурхIулев вуго, гьев тIаса лъугьунев вуго»-абун нуж мунагьазулъ халат гьаруна ва тавбу гьабизе риччачIо. Хадубги муъминзабаца гьел мунапикъазде ахIула:

**I5. Жакъа нужедаса гIакIа босунаро, капурзабадасаги гIакIа босунаро. Нуж жанире руссунеб бакI жужахIалъул цIа буго. Гьеб буго нужеда рекъараб жазаъги. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жужахI!» – абун.**

**I6. Гьал муъминзабазе мех щун гьечIищха жидер ракIал тIеренлъизе ва гьез Къуръаналъул вагIза-насихIат босун жал Аллагьасдаса хIинкъизе? Аллагъ ракIалде щун, гьев гIемер рехсон рукIине? Гьел муъминзаби рукIунгутIизе жидеда церехун рукIарал жидехъе тIехь кьурал гIадамазда релълъун. Гьел китабиязул аварагзаби гьечIого гьоркьоб гIемераб замана ана ва гьезул ракIалги къвакIарал, къосарал лъугьана. Гьел Китабиязул гIемерисел гIадамал жал пасикъал руго.**

**I7. Нужеда лъай, я гьал муъминзаби, тIадегIанав Аллагъ вукIин жинца хун букIараб ракь чIаго гьабулев. ХIакълъунго дица нужее дир аятал ва гIаламатал баян гьаруна нужеца гьездаса гIакълу босизе ва нужеда хIакъаб жо лъазе.**

**I8. Жидеца Аллагьасул диналъе гIологи мискин-пакъиразеги садакъа кьолел муъминал бихьиналги руччабиги. Жидер халалаб боцIи Аллагъ разилъи тIалаб гьабун ва жидерго ракI разилъун напакъаде кьолел гIадамалги – гьел гIадамазе Аллагьас гьелъул кири гIемер гьабун хъвала ва гьезие ахираталда жиб хирияб ажруги буго.** Алжан буго.




**I9. Жидеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги иман лъурал, гьезие мутIигIлъун, гьезул амру-нагью тIубан хьвадарал муъминзаби руго жидеда «ассидикъуна» абулел, жидер даража-макъам тIадегIанал. Шагьидзабиги Аллагьасда аскIор руго, гьезие жидер гIамалалда рекъараб кIудияб ажруги буго, жалгун цадахъ букIунеб нурги буго. Жидеца инкар ккурал, дир Къуръанги мугIжизаталги гьереси гьарурал гIадамал руго жужахIалъул бетIергьаби.**

**20. Нужеда лъае, я гьал муъминзаби, гьаб дунялалъул чIаголъи гIададисеб жо букIин.** ГIисинал лъималаз щибго мунпагIат гьечIеб жо гьабун черх сваказе гьабулеб гIадин, жинца инсанасул черх сваказе гьабулеб, гьесие ахираталъе мунпагIат гьечIеб жоялъулъ гьев хьвадизе гьавун. **Аллагьасе тIагIат-гIибадат гьабиялдаса инсан машгъул (гъапул) гьавулеб жоги буго. АхIмакъал гIадамал жиндаса рохун рукIунеб берцинлъиги буго:** берцинаб ретIел гIадаб, берцинаб рукъ гIадаб. **Нуж цоял цоязда тIад чIухIун рукIунеб жоги буго:** жиндир насабалдалъун чIухIун, лъимал-хъизаналдалъун чIухIун, боцIи-малалдалъун чIухIун рукIунеб. **Цояз цоязулалдаса гIемераб магIишат данде гьабун, васал гIемерал рукIун гьелдалъун чIухIдарулел рукIунеб жоги буго гьаб дунял.**

**Гьаб дунялалъул мисал буго капурзаби жинца рехизе гьарулеб берцинаб хур-хер бижизе гьабураб цIадалда релълъун. Цинги гьеб хур-хер бакъван, тIогьиллъун унеб, гьелдаса хадуб гьарщун гIодобеги ун хъурун тIагIунеб.** Жиб кодоб даимлъулареб, жиб тIаса ин хехаб жо буго дунялалъул бечелъи ва чIухIи-рецц. **Ва амма ахираталда букIунеб жо буго Аллагьасда инкар ккурал гIадамазе гьабулеб гучаб гIазабги, муъминзабазе гьабулеб Аллагь разилъиги, гьезул мунагьал рахчиги. Гьаб дунялалъул чIаголи гьечIо жинца инсан гуккулеб, жиб хеккого тIаса унеб матагI гурони** (дунялалъул чIаголъи, гьелъул магIишат).

Гьеб дунялалдалъун гуккун ккола жив гъапулав жиндир гIакълу гьечIев чи. Ахират тIалаб гьабиялдаса жинца инсан машгъул гьавурабгIан механалъ дунял буго жинца гуккулеб матагI. Амма гьеб дунялалъ инсан ахIараб механалъ Аллагь разилъи ва ахират тIалаб гьабиялда – цинги гьеб дунял цIакъ лъикIаб матагI букIуна!


ТIадегIанав Аллагьас дунял хIакъираб, жиндир щибго къимат гьечIеб жолъун бихьизе гьабидал, ахираталъул шанхIалги цIакъ кIудияб, кIвар бугеблъун бихьизе гьабидал, гьелда хадуб Аллагьас инсан гьесизе гьавулев вуго Аллагь разилъи тIалаб гьабиялда гьев хехлъизе ва жинцаги абулеб буго:

**2I. Нужеца хехлъи гьабе, я гьал муъминзаби, Аллагьас мунагьал чуриялде нуж щвезе!** Цогидаздаса цере кколеб хIалалъ иман камил гьабе, лъикIаб гIамалги гIемераб гьабе. **Зобалги ракьигIан гIебаб ва гатIидаб алжаналде нуж щвезеги хехлъи гьабе! Гьеб алжан хIадурун буго жидеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги иман лъурал гIадамазе. Гьаб Аллагьас жиб къотIи гьабураб мунагьал рахчиги алжаналги гьесул рахъалъан бугеб кIудияб цIоб-рахIмат буго.** Аллагьас гьеб кьола жиндие бокьарав чиясе. Жиндир гIамалалдалъун гьеб босизе кIолев чи вукIунаро Аллагьас цIоб-рахIмат гьабун жиндие бокьарал муъминзабазе кьун букIун гурони. **ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир цIоб-рахIмат кIудияв.**

**22. Цониги къварилъи-балагь гьаб ракьалде щоларо:** ракь багъари, бакъ бай, горо бай. **Гьединго нужер напсаздаги щоларо:** унта-щокълъи, ракъи-къеч, лъимер хвей, боцIи-мал гьалаглъи. **Гьеб къварилъи-балагь ЛавхIул-махIпузалда хъван букIун гурони дица гьел зобал-ракьги, гIадамалги рижилелде цебего.** кинабго хIукму-къадар махлукъалда жаниб хьвадизаби **Аллагьасе цIакъ бигьаяб жо буго.**

**23.** Гьаб кинабго жо Аллагьасул хIукму-къадаралдалъун букIин ва гьеб цебего хъван хIадурун букIин буго: **нужее щвечIого хутIараб жоялда нуж пащманлъичIого рукIине ва нужее щвараб жоялдаса рохичIого рукIине. ТIадегIанав Аллагьасе вокьуларо кинавниги чIухIарав, гIамал сурарав чи.**

**24. Гьал балагьазда сабру гьечIел, нигIматазе щукруги гьечIел гIадамал руго жидее Аллагьас кьураб нигIматалдаса лъикIаб нухалда харж гьабизе жалго бахилал, жидеца цогидал гIадамалги гьеб лъикIаб нухалда харж гьабиялдаса нахъе чIвалел.** Аллагьасул нухалда боцIи-мал харж гьабизе бахиллъарав чи жинца жиндирго напсалъе зулму гьабурав чи вуго. **ТIадегIанав Аллагь жив бечедав вуго, жиндир пишабазулъ жив вещцаравги вуго.** Гьев хIажатав гьечIо гIадамазул напакъа-сахIалде.




**25. ХIакълъунго дица дир расулал ритIана жидер къавмал Исламияб диналде ахIизе. Гьезие баянал хIужабиги кьуна, мугIжизаталги гьаруна. Гьел расулалгун цадахъ дица тIехьги рещтIинабуна,** жинда рекъон хIукму гьабизе ва гIадамаз цоцазе зулму гьабичIого букIине. **ЦIадира-къалиги гьабуна гIадамал жидеда гьоркьоб гьабулеб даран-базаралъулъ ритIухъаллъун рукIине. Дица гьел гIадамазе мунфагIаталъе маххги гьабуна: жинда жаниб къуват-гуч бугеб.** Рагъул алатал маххчараналъул гьарулелъул. **Ва гIадамазе цогиги гIемерал мунпагIатал жиндилъ бугеб:** нус, гIащтIи гIадаб, пуруц гIадаб (плуг) хьаг-маххгIадаб цIарагI ва алат маххул гьабулелъул. **Цинги Аллагьасда загьираб лъаялдалъун лъазе щив чи вугев гъаибаб** (жинда бихьичIеб) **жоялдаги божун Аллагьасеги гьесул расуласеги квербакъи гьабулев. ХIакълъунго Аллагь цIакъ къуватав, жиндир гуч бергьаравги вуго.**

**26. БичасхIаги дица НухI авараг ва Ибрагьим авараг витIана жидер къавмазда. Дица гьезул зурриятазулъ авараглъиги гьабуна, гьезда тIехьги рещтIинабуна. Гьел къавмаздаса жил битIараб нухалда тIоритIарал гIадамал руго. Ва амма гьезул гIемерисел куфру-ширкалда тIад чIарал пасикъзаби руго.**

**27. Цинги гьезда худурги дица дир аварагзаби ритIана.** Цоясда хадув цояв витIун щибаб къавмалда ва щибаб бакIалда дица аварагзаби ритIана гьел къавмал жидеца хIакъаб диналде ахIизе. **Гьезда хадув Марьямил вас ГIисаги витIана. Дица гьесухъе Инжилги кьуна. Гьев ГIиса аварагасда нахърилъларал муъминзабазул рекIелъ дица дидасан хIинкъиги, жидеда гьоркьоб гурхIел-рахIмуги рехана.** Гьел цоцаде тамахал, цоцаде гурхIел-рахIму бугеллъун гьаруна дица. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасул асхIабзабиги гьарураб гIадин жал цоцае рокьулел ва цоцаде гIурхIулеллъун.

**Гьединго рагьбанлъиги гьабуна (монашество) жидецаго ургъун бахъараб, дица гьезда тIад къан букIинчIеб.** Гьеб буго дунялалъул чIаголъиялдаса мунпагIат босичIого, руччаби рачинчIого, гIадамаздаса батIа чIун Аллагьасе тIагIат гьабулел руго жал абун рукIин. **Дица гьезда тIад къан букIинчIо Аллагь разилъи тIалаб гьаби гурони. Гьел гIадамаз жидеда тIад къараб дин жиб цIунизе кколеб хIалалъ цIуничIо.** Гьез дин хисизе гьабуна. Инжилалда хъвараб жоялде гIамал гьаби тана. Жидеда хIакъав авараб вукIин лъалеб бугониги, МухIаммад аварагасда иманги лъечIо. **Гьездаса жидеца жидерго дин битIун гьабурал, хадуб МухIаммад аварагасда жидеца иманги лъурал гIадамазе дица гьезие кьезе рекъараб ажру-кири кьуна. Ва амма гьезул гIемерисел капурал ва пасикъал гIадамал руго.**

**28. Я гьал иман лъурал гIадамал, Нуж Алагьасда гIасилъизе хIинкъа! Гьев Аллагьасул расуласда иманги лъе! Аллагьас нужее кьезе буго кIиго бутIа (кIиго нухалъ цIикIун) жиндир рахIматалдаса. Аллагьас нужее кири гьабизе буго нуж гьеб нуралъул канлъиялъулъ**

**рилълъунеб. Аллагьас нужер мунагьалги чуризе руго. Гьев Аллагь вуго жинца мунагьал чурулев ва жив муъминзабазда гурхIулев.**

**29. Дица гьаб амру ва хIукму баян гьабун бицана китабияб агьлуялда лъазе жидер хIалкIоларебллъи Аллагьасул цIоб-рахIмат жидер рахъалде сверизе гьабизе ва Аллагьас авараглъи жиндие бокьарав чиясе кьолеблъиги лъазе.**

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб буго гьеб Инжил-Тавраталъул агьлуялъ абун букIин: «Нижер гурони аварагзаби рукIунаро ва нижеда гурони тIехьги рещтIунаро» – абун. Гьезул рагIи нахъчIван Аллагьас гьаб аят рещтIине гьабуна.


**Кинабго цIоб-рахIмат Аллагьасул ихтияралда буго. Аллагьас гьеб жиндие бокьарав чиясе кьола. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго жиндир цIоб-рахIмат кIудияв.** Аллагьасул рахIматазул бищунго кIудияб авараглъи буго. Гьеб авараглъи Аллагьас цо къавмалда хас гьабун букIунаро.

Аллагьасул тавпикъалдалъун Суратул ХIадидалъул тапсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рещги гьев Алагьасе буго.

**Суратул Мужадалати 58.**

Мадинаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб къоло кIиго аят бугеб




**I. ТIадегIанав Аллагьасда рагIана, я МухIаммад, жиндир росасул бицун дуде гьикъардарай чIужуялъул хабар. Гьей Аллагьасда зигардулейги йикIана, Аллагьасда дурги гьелъулги хабарги рагIулеб букIун ва лъалеб букIун. Аллагь нужеца бицунеб жо жинда лъалев вуго. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинда кинабго жо рагIунев ва бихьулев вуго.**

Жагьилияб заманаялъ гIарабиязул гIадат букIана жиндие чIужу рихараб мехалъ гьелда абулеб: «Гьанже мун дир эбелалда релъдъун йиго» – абун, яги гьелда релъулъараб магIна бугеб рагIи абулеб. Гьеб рагIи абураб мехалъ гьел рос-лъади цоцадаса ратIалъулаан. Гьеб буго "Зигьар" гьаби абураб рагIиялъул магIна. Гьаб жагьилияб хIукму хвезе гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**2. Нужедаса цо гIадамаз жидер руччабаздаса зигьар гьабуна абун гьел руччаби гьезие улбуллъун лъугьунаро.** Эбелалъул гIадаб хIукму букIунаро: гьей чIужулъун ячине хIарамлъуларо. **Нужер улбул руго жидеца нуж гьарурал нужер хIакъикъиял улбул.** ШаргIалъул хIукмуялдалъун нужеца щуго нухалъ батIа-батIаго жидер керен хахарал руччабиги рукIуна нужер рахьдал улбуллъун. Цогидал руччаби нужер улбуллъун рукIунаро. **Гьел гIарабияз абулеб рагIи буго жиб Аллагьасул шаргIалда рекъечIеб, мункараб ва гьересияб рагIи. БичасхIаги, ТIадегIанав Аллагь жив тIаса лъугьунев ва жив гурхIулев вуго.** Гьаб шаргIияб хIукму рещтIинегIан цебеккун нужедаса ккараб зигьар гьабиялдаса Аллагь тIаса лъугьуна ва нужеца тавбу гьабун, лъикIаб гIамал гьабун нуж хьвадани, гьев Аллагь нужеда гурхIула.

Гьаб цо аяталда жаниб ункъо батIияб далил буго зигьар гьаби хIарамаб букIиналъе. Цо буго: «Гьей дир эбелалда релъдъун йиго» – абураб мехалъ гьев чияс гьереси бицунеб букIин. КIиабилеб буго Аллагьас зигьар гьаби мункараб жо буго абун аби. Лъабабилеб буго Аллагьас гьев чиясул рагIи гьереси гьабун абун букIин: «Гьел руччаби нужер улбул гьечIо»– абун. Ункъабилебги буго Аллагьас жидеца зигьар гьабурал гIадамаздаса жив тIаса лъугьинаян абун букIин. Аллагь тIаса лъугьуна жиндир лагъас шаргIалда хIарамаб жоги гьабун, хадув гьев чи рекIекълъун, тавбу гьабун Аллагьасде вуссараб мехалъ.


Гьеб зигьар гьаби хIарамаб букIин бицун хадуб Аллагьас бицунеб буго жидеца гьеб зигьар гьабурал гIадамаз гьабизе кколеб жо ва жинца абулеб буго:

**3. Жидеца руччабаздаса зигьирги гьабун букIун, цинги гьел руччабазда аскIор рукIине бокьарал гIадамаз, цо муъминав лагъ тархъине ккела жал гьел руччабазда хъатIилелде цебе** (жимагI гьабилелде цебе). **Гьаб Аллагьасул хIукму буго жиндалъун нужее вагIза гьабулеб ва нуж гьеб зигьар гьабиялдаса нахъе чIвалеб. Гьев Аллагь жинда лъалевги вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

**4. Жинда муъминав лагъ тархъизе кIвечIев чияс кIиго моцIалъ тIатIалаго (**гьоркьоб цохIо къо биччачIого) **кIал кквезе ккела гьел руччабазда жал хъатIилелде цебе. Гьелдаги жиндир хIалкIвечIев чияс лъабкъого мискинчиясе кваназе квен кьезе ккела. Гьаб хIукму Аллагьас нужее баян гьабуна нужеца Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги тIубараб хIалалъ иман лъезе, жагьилал гIадаталги тун шаргIияб хIукмуялда нахърилъизе. Гьаб буго Аллагьасул шаргIалъул хIукму ва гьелъул гIорхъаби. Гьал гIорхъаби хвезарун жидеца Аллагьасул хIукмуялде инкар кколел гIадамазе жинца унтизабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**5. Жидеца Аллагьасулги гьесул расуласулги амруялда хилиплъи гьабулел ва гьездехун жидеца тущманлъи гьабулел гIадамал гIодорегIан гьарула ва хIакъир гьарула гьезда цере рукIарал умматазул капурзаби ва мушрикал гIодорегIан гьарурал гIадин. Дица гьел гIадамал битIараб нухалда тIоритIизе шаргIиял ахIкамал баян гьарун аяталги рещтIине гьарун руго. Гьел аятаздаги, гьел аятал жинца рещтIине гьарурав Аллагьасдаги жидеца инкар кколел гIадамазе гьел гIодорегIан гьарулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**6. Дуца ракIалде щвезабе, МухIаммад, Аллагьас гьеб кинабго халкъ ГIарасат майданалда бахъинабулеб гIуж.** Гьеб къо буго цIакъ хIинкъи бугеб къо. **Гьел гIадамада жидеца гьабураб гIамал бицуна: жидеда гьеб кIочон букIараб, амма Аллагьас малаикзаби хъвазе риччан нахъе цIунун букIараб. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев.** Гьесие щибго жо балъго хутIуларо.




**7. Дуда лъаларищ, ва дуца пикру гьабуларищ, я гьав инсан, тIадегIанав Аллагь вукIин зобалаздаги ракьалдаги бугеб жо жинда лъалев. Лъабго чиясул цоцаде щурун, балъго кIалъай букIунаро гьеб хабаралде гIенекун ункъабилев чилъун Аллагь вукIун гурони. Щугояв балъго хабар бицунел ругони–гьенивги анлъабилевлъун Аллагь вукIуна. Гьездасан дагьал гIадамал ругониги, яги гIемерал ругониги Аллагь вукIуна гьелгун цадахъ;** кире гьал ругониги, щиб гьез бицунеб бугониги ва щиб гьабулеб бугониги. **Цинги Къиямасеб къоялъ гьез гьабураб кинабго гIамал гьезда бицине буго. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго.**

Гьаб хадуб бугеб аят рещтIине гьабуна муъминзабаздаги ралагьун гьезда нахъаса щурщудулел, бераз ишара гьабун, хъат кьабун релъанхъун жидеца муъминзаби гIодорегIан гьарулел рукIарал ягьудиязул ва мунапикъзабазул хIакъалъулъ:

**8. Мун валагьуларищ МухIаммад, гьал гIадамазда: жидеда нагью гьабун букIарал нуж муъминзабазда нахъаса щурщудуге абун, цингиги жидеца гьеб щурщуди гьабулел ва жидеда гьабураб нагью хвезе гьабулел? Гьел щурщудулел руго жидеего мунагь букIунеб жо бицун ва муъминзабаздехун тущманлъи гьабун. Аллагьасул расуласда гIасилъи гьабулел, гьесдехун тущманлъи бугелги руго. Духъе жал рачIараб мехалъ гьел мунапикъзабаца дуе тахIият гьабулеб буго (кIодо гьави, салам гьаби) Аллагьас гьабе абун амру гьабураб гуреб жоялдалъун.** Ассаламу гIалайкум абизе кколеб бакIалда гьез абулеб буго Ассаму-гIулайкум абун. Гьелъул магIна букIуна: !Нужее загьру буго, хвел буго» – абураб.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда гьезул мурад бичIчIулеб букIана ва жинца абулеб букIана «ВагIалайкум» – абун. Цоги рагIи тIаде цIикIкIине гьабичIого гьелъул магIна букIуна «нужееги гьебго жо»-абураб. **Гьеб рагIи жидеца абуниги гьезул ракIал цIакъ хIинкъунги рукIуна Аллагьас жидее гIазаб гьабизе гурин абун.** Гьезда якъинго лъалелъул жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад хIакъав расулуллагь вукIин.

ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **Гьезие гIазаблъун жагьанамма гIезе буго, жидеца гьелъул цIадул гIазаб чIамулеблъун букIунеб. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жагьаннама.** Аллагьас нилъ цIунаги гьелдаса.


**9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж цоцаде щурун кIалъалеб мехалъ нуж кIалъаге мунагь бугеб жо бицун, Аллагьасде ва гьесул расуласде тущманлъи бугеб, Аллагьасул расуласде гIасилъи бугеб жо бицун. Нуж цоцаде кIалъай лъикIаб хабар бицун ва Аллагь разилъулеб, гьесдаса хIинкъиялъул хабар бицун. Нуж хIинкъа ахираталда жинде руссине ругев Аллагьасда гIассилъизе.** Гьес гьабизе буго нужер хIисаб-мизан.

**I0. Гьеб мунагь ва тущманлъи жиндилъ бугеб жо бицун гьабулеб хабар щайтIаналъул макру буго, гьелъ гуккарал гIадамазул гIамалги буго. ШайтIаналъ муъминзаби гуккула хадур гьел пашманлъизе ва гьезие гIазаб щвезе бокьун. Амма гьеб щайтIаналда кIоларо Аллагьасул изну букIун гурони цониги чиясе щибго зарал гьабизе.** Гьаб амру гьадин бугелъул **муъминзабаца цохIо Аллагьасде тIаме таваккал.**

Гьаб амру гьадин бугелъул муъминзабаца цохIо Аллагьасде тIаме таваккал. Гьедин Аллагьасде божун ва гьесда таваккал тIамун хьвадараб мехалъ гьел мунапикъзабазул хIилла-макруялъ ва гьезул щурщудиялъ муъминзбазе зарал гьабуларо.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужер лъабго чи вугеб мехалъ, кIигояс цоцаде щурун хабар бицунге, дов гьалмагъ харбилъ гIахьал гьавичIого. Гьедин хабар бицани гьев гьалмагъасе нужеца зарал гьабула»* – абун. Досул рекIелъе квешаб хиял рехизе бегьула жиндаса балъго хабар бицунеб бихьараб мехалъ.

**II. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеда абураб мехалъ нуж гIодор чIун ругеб мажлис (хIалкъа) гIатIид гьабе абун нужеца гьеб мажлис гIатIид гьабе** ва гьенир нужер диналъул ваццал гIодор чIезе бакI гьабе! **Аллагьас нужее гIатIид гьабизе буго жиндир рахIматал ва алжаналъул даражаби. Нужеда амру гьабураб мехалъ цо мажлисалдаса рахъун а абун, нуж рахъун тIадегун нахъе а ва гьеб амру нужеца ракI разилъун къабул гьабе. Аллагьас нужер иман лъурал гIаамал тIадегIан гьаризе руго. Аллагьас жидее гIелму кьурал муъминзаби цIакъго даража тIадегIанал рукIине руго. Гьев Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**




**I2. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужее бокьараб мехалъ Алагьасул расуласулгун балъгояб хабар бицине** (гьев цохIо вугеб бакIалда), **нужеца гьеб хабар бицинелде ццебе Аллагьасе гIоло мискин-пакъирасе садакъа кье. Гьедин гьабуни нужее лъикI буго ва гьеб гIамал нужер мунагьл чурулеб, ва ният бацIцIад гьабулеб буго. Нужеда садакъаде кьезе жо батичIони, Аллагь нужеда тIаса лъугьунев ва нужеда гурхIулев вуго**. Нужее щибго мунагь-хIакъ гьечIо гьеб садакъа кьечIого нуж аварагасда аскIоре ун гьесда кIалъана абун.

Гьаб аяталда жаниб ишара буго Аллагьасда дугIа гьабун гьесдаса жиндие лъикIлъи щвезе бокьарав чиясе суннатаб букIин гьеб дугIа гьабилелде цебе садакъаде жо кьей. Аллагьасул свлат салам лъеяв аварагасул хIадисги буго: *«Нужеца нужер унтарал гIадамазе дару гьабе садакъаялдалъун»* – абун.

**I3. Нуж хIинкъулелищ ругел, я гьал муъминзаби, нужеца садакъаде боцIи-мал кьуни**

**нуж мискинлъила абун.** Нуж гьелдаса хIинкъуге! ТIадегIанав Аллагьас бищун дагьабги анцIго нухалъ цIикIкIун жазаъ гьабула жидеца садакъа гьабурал гIадамазе. **Нужеца гьеб садакъа кьечIониги Аллагь нужеда тIаса лъугьарав вуго**. Нужее захIмалъи ва къварилъи бокьарав гьечIо тIадегIанав Аллагь. **Нужеца паризааб как баялда тIадчIей гьабе:** гьелъул гIуж цIунун, арканал, шурутIал тIуран, Аллагьасе хIелун ва матIигIлъун. **Нужер боцIудаса паризааб закатги кье. Цогидаб кинабго амру-нагьюялъулъ нуж Аллагьасе ва гьесул расуласе мутIигIлъе. Гьеб хIалалъ нуж хьвадани нужее лъикI буго ва тIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

**I4. Дуда гьал мунафикъазул хIал бихьуларищ, МухIаммад, ва дуца гьезда гIажаиблъи гьабуларищ? Гьез ягьудиял кколел руго жидер гьудулзабилъун ва вализабилъунги. Гьел ягьудиял руго жидеда Аллагьасул ццим бахъарал гIадамал. Гьал мунафикъзаби нужедаса гьечIо. Гьел руго жал щакдарулел, цониги рахъалда жал гьечIел гIадамал. Гьел гьересияб гьа гьедун гьедарулелги руго жидеда лъалебги букIаго жидеца гьересияб гьа гьедулеб букIин.**

**I5. ТIадегIанав Аллагьас гьезие хIадурун буго цIакъ кутакаб, жинца унтизабулеб жужахIалъул гIазаб. Гьел руго жидеца гьабулеб гIамал цIакъ квешаблъун бугел гIадамал.**

**I6. Гьез гьересияб гьа гьеди ккун буго гьелдалъун жал дунялалъул гIазабалдаса ва ничалдаса цIунулеб жолъун. Исламалда рачIунел гIадамал гьелдаса нахъчIвалел руго.** Исламалда ругел иман загIипал гIадамал Аллагьасул диналъе гIоло гъазават гьабиялдасаги, Аллагьасул расуласе квербакъи гьабиялдасаги нахъчIвалел руго. **Гьал мунафикъзабазе ахираталда цIакъ гьел гIодорегIан гьарулеб гIазаб букIине буго.**

**I7. Аллагьас гIазаб гьабулеб къоялъ мунафикъзабазе щибго кумек гьабизе гьечIо жидер боцIи-малалъ ва лъималаз. Гьел гIадамал руго даимго жанир рукIинелъун жужахIалде лъугьинарулел.**

**I8. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ тIаде бахъинабун хIисаб-мизан гьабизе махIшаралде ракIарараб мехалъги жакъа нужее гIадинго гьел мунафикъзаби гьа гьедун Аллагьасда гаргадизе руго жидеца ширк гьабичIин, жал иман лъурал рукIанин абун. Гьезда ракIалде ккезе буго гьеб гьа гьедиялъ жидее кумек гьабилин абун.** Дунялалда гьереси гьаги гьедун жал гIазабалдаса хвасарлъарал гIадин. **Нуж кантIе, гIадамал! Гьал мунафикъзаби руго жидеца цIакъ гьерси бицунел гIадамал.**

**I9. Гьел руго жал щайтIаналъ махсароде ккурал гIадамал ва гьезда Аллагь рехсейго кIочон буго. Гьаб буго унго-унгояб щайтIаналъул къукъа (партия). Нуж кантIе, я гьал гIадамал, Гьаб щайтIаналъул къукъа буго жиб тIубанго гIадада хвараб ва жал дармие тIубанго къарал.**

**20. ХIакълъунго жидеца Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги тущманлъи гьабулел гIадамал руго Аллагьас гIодорегIан гьарурал,** Аллагьасул рахIматалдаса жал рикIкIад гьарурал гIадамал.

**2I. ТIадегIанав Аллагьас хIукму гьабун, къадар гьабун буго: дунги дир аварагзабиги, гьезда нахърилълъарал муъминзабиги руго жал бергьунел абун. ХIакълъунго гьев Аллагь вуго жив къуватав, жиндир гуч бергьарав в жиндаса щивго чи бергьунарев.**

**22. Нужеда цониги къавм батизе гьечIо, я гьал гIадамал, жидеца Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъурал, гьеб иман лъейгун цадахъ жидеца Аллагьасдаги гьесул расуласдаги тущманлъи ккурал гIадамаздехун. Рокьа-хинлъи гьабулел гьал Аллагьасде тушманлъи ккурал гIадамал гьезул умумул рукIаниги, лъимал рукIаниги, вацал рукIаниги, яцал рукIаниги, яги цогидаб гагарлъи-тухумалъул гIадамал рукIаниги.** Цо рекIелъ иманалъул нурги куфруялъул бецIлъиги данделъуларебгIадин, гьеб рекIелъ Аллагь вокьиги гьев Аллагьасул тущман вокьиги данделъуларо. Цо чи вокьараб мехалъ гьев чи вокьарав вокьулеб ва гьев чи рихарав рихунеб гIадат буго.

**Жидер рекIелъ цохIо Аллагьги гьесул расулги вокьи бугел муъминзаби руго Аллагьас жидер рекIелъ иман лъурал ва гьеб къадар гьабурал, жинца гьезие квербакъиги гьабурал, жиндир рахъалъан бугеб квербакъиялъ. Ахираталда Аллагьас гьел муъминзаби лъугьине гьарула жинда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназул ахазукье, даимго жал гьенир рукIунеллъун. Гьел муъминзаби руго жидедаса Аллагь разилъарал ва Аллагьас жидер лъикIаб гIамал къабул гьабурал. Аллагьасдаса гьелги цIакъ рази рукIуна.** Дунялалъул рукъоб Аллагьасе гIоло гьез гIагарал гIадамазулги цогидал гIадамазулги къврилъи баччун букIиндал, Аллагьасе гIоло жидер ццимги бахъун букIиндал, ахираталда Аллагьас гьезие жив разилъи ризкъилъун гьабуна. **Гьаб къукъа буго Аллагьасул къукъа,** Аллагьас тIаса рищарал ва гьесие рокьулел гIадамал. **Нуж кантIе,**

**я гьал гIадамал, хIакълъунго гьаб Аллагьасул къукъа буго жидер дунялалдаги ахираталдаги лъикIлъиялда квершел батарал ва жидер бахьи буголъарал гIадамал.**

Гьаб аяталда жаниб мухIканаб баян буго дунялалъул рукъоб гIадамазул кIиго къукъа букIиналъе: цо къукъа буго щайтIаналъул нухда бугеб, гьелъ гуккараб ва гьеб рази гьабун хьвадулеб. Цоги къукъа буго Аллагьасулги гьесул расуласулги нухалда бугеб, жидер мурадги Аллагь разилъи бугеб ва жидеца гьев Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун гьесие тIагIат гIибадатги гьабулел.

Капрузабазул партияби ругин, бусурбабазулги партия букIине кколинги абун, гьеб партия букIине бегьиялъе цо цIаларал гIадамаз фатваги кьун, жинда чанго батIияб цIарги лъун бусурбабилъун ругел гIадамаз партияби гIуцIана. Гьелъул ахираб хIасил хал гьабураб мехалъ гьеб батула дунялалъул тIалъиялде нух бачунеб сиясат (политика). Бусурбаби кинал рукIине кколел ва гьез щиб жо гьабизе кколеб тIадегIанав Аллагьас цохIо гьаб аяталда жаниб бицун буго. Гьаб аяталъ малъухъе хьвадулел муъминзаби руго Аллагьасул къукъа.




**Суратул ХIашри 59.** Цоги гьелда абула бануназиразул сурат абун.

**1. ТIадегIанав Аллагьасе тасбихI гьабун,** гьев вацIцIад гьавун, гьесие рецц гьабун **хьвадула зобалаздаги, ракьалдаги бугеб кинабго Аллагьасул махлукъ. Гьев Аллагь вуго жиндир ханлъиялъулъ гуч бугев, Жинца гьабулеб хIукмуялъулъ хIакимияв.** ГIадло битIарав вуго, цо маслахIат гьечIеб хIукму жидеца гьабуларев вуго.


**2. Гьев Аллагь вуго** нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав ва жинца нужее квербакъи гьабулев: **Жинца китабиязул капурзаби тIоцере къватIире рахъинарурав жидерго росабалъан. Нужеда ракIалде кколеб букIинчIо, я гьал муъминзаби, гьел къватIире рахъина абун:** гьезул къуват-гучги букIиндал, щулияб хъалаги букIиндал. **Гьездаги ракIалде ккун букIана жал Аллагьасул гIазабалдаса цIунизе ругин жидер щулиял сангараз ва сияз абун. Цинги гьезухъе Аллагьасул гIазаб бачIана жидеда ракIалдего кколеб букIинчIеб рахъалдасан.** Гьезул росу сверун ккуна асхIабзабаца. Гьезие кумек гьабизе къотIи гьабун букIарал мунапикъзабиги гьезда тIаде риччачIо. **Цинги гьел бануназириязул рекIелъе Аллагьас гучаб хIинкъиги рехана.** Гьел жидерго къуваталда божичIо, гьезул хIалхьи ва рахIат хвана, ва гьел жидее маслахIат гьабе абун гьаризе лъугьана. **Жидерго квераз ва муъминзабазул квераз гьезул минабиги риххинарун къватIире ана гьел. Нужеца пикру гьабе ва гьаб хабаралдаса вагIза босе, я гIакълудал бетIергьаби!**

**3. Аллагьасул хIукму букIинчIебани гьел ягьудиял Мадинаялдаса къватIире къотIун тезе гьабураб, гьезие Аллагьас дунялалдаго цIакъ гучаб гIазаб гьабилаан. Гьезие ахираталдаги жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**4. Гьаб гIазаб бануназириязе гьабуна гьез Аллагьасдехун ва гьесул расуласдехун тущманлъи гьаби сабаблъун. Гьев Аллагьасде данде тущманлъи гьабун щив чи вахъаниги хIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндир гIазаб ва гIакъуба гучав вуго** ва гьес жинда данде вахъарав чи гьалаг гьавула.

**5. Нужеца чамастакил гьутIби къотIаниги, я гьал муъминзаби, яги къотIичIого таниги гьеб нужее Аллагьасул изну бугеб жо буго ва гьев разилъун бугебги буго. Гьел пасикъал ягьудиял гIодорегIан гьаризе, гьезул ракI бакъвазабизе бугеб хIукму буго гьаб.**

**6. ТIадегIанав Аллагьас гьал бануназириязул магIишат жиндир расуласе пайлъун кьураб ва нужеца гьеб щвезе абун чуяздаги варанабаздаги гIакъуба бихьинабичIеб.** Нуж рагъун нужеда кIудияб къварилъи ва захIмалъи щвечIеб. **ТIадегIанав Алагьас жиндир расул тIаде виччала жиндие бокьараб къавмалда ва гьесие бергьенлъиги кьола. ХIакълъунго Аллагь жиндие бокьанщинаб жо жиндие бокьухъин гьабизе хIалкIолев вуго.**





**7. Гьадин рагъги гьабичIого капурал къавмаздаса Аллагьас жиндир расуласе кьураб пай (гьанимат) буго Аллагьасул ихтияралда бугеб.** Гьес амру гьабула гьеб лъие кьезе кколеб абун. **Хадуб гьесул расуласеги буго**. Аварагас гьелдасан щвараб бутIа гьесул хъизан-агьлуялъун хIажатазе ва киналго бусурбабазул гIаммал хIажатазе харж гьабула. **Хадуб аварагасул гIагарал гIадамазеги кьола.** Гьел руго Гьашимилги ГIабдулмутIалибилги лъимал ва гьезул наслу. Гьезие паризаяб закаталдаса бутIа букIунаро ва суннатаб садакъаялдасаги жидецаго жалго цIунарал рукIуна (гьеб къабул гьабизе бокьуларел рукIуна). **Эмен хварал бесдаллъималазеги буго гьеб паялъул бутIа, мискин-пакъирал гIадамазеги, сапаралда ругел, жидер хIажалъи бугел гIадамазеги букIуна гьелъул бутIа. Гьаб рехсараб хIалалда пай бикьула жагьилаб заманалъул гIадаталда рекъон гьеб бечедал гIадамаца жидедаго гьоркьоб бикьичIого букIине** ва пакъирзабиги гьелдаса бутIа щвечIого хутIичIого рукIине. Гьаб бануназиразул пай Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас мугьажиразда гьоркьоб бикьана, гьел пакъирал рукIун ва гьезул хIажалъиги цIикIкIараб букIун. Ансаразе гьелъул бутIа кьечIого тараб мехалъ гьезул цо-цо гIадамаз абуна нижееги букIине ккола гурищ гьаб паялъул бутIа абун. Гьезие жаваб гьабун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго**: «Аллагьасул расулас кьураб жо нужеца босе, гьесул амруги тIубазе гьабе, гьес жиндаса нагью гьабураб жоги нужеца рикIкIад гьабун те. Нуж Аллагьасул гIазабалдасаги хIинкъа ва гьесул амру-нагью хвезеги гьабуге. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндир гIакъуба-гIазаб гучав вуго,** жинда хилиплъарал гIадамаздаса ццим босулевги вуго». Пай абула рагъ гьабичIого капурзабадаса щвараб давлаялда. Гьаб аят паялъул, боцIи-мал бикьиялъул бицун рещтIине гьабураб бугониги, гьалъул хIукму кинабго амру-нагьюялъулъ гIаммаб буго. Аллагьасул свалат салам лъеяв авраагас хIарам гьабураб жо хIарам гьаби, гьес хIалал гьабураб хIалал гьаби, аварагас амру гьабураб хIалалъ гьабизе тIадаб буго бусурбабазда кинабго заманаялъ ва кинабго хIукмуялъулъ.

**8. Гьеб паялдаса бутIа кьезе бищунго мустахIикъал руго жидеца гьижра гьабун Мадинаялде рачIарал пакъирал асхIабзаби. Капурзабаца жидер мина-ватIанги, боцIи-малги тезе гьабун жал къватIире рахъине гьарурал. Жидеца гьеб кинабго дунялалъул магIишат гьоркь тарал Аллагь разилъи тIалаб гьабун, ва ахираталда Аллагьасул цIоб-рахIмат ва алжан щвезе бокьун жидеца Аллагьасеги гьесул расуласеги квербакъиги гьабулел.** Гьеб гьижра гьабиялдалъун жидер мурад букIарал Аллагьасул дин тIадегIан гьаби ва гьеб дин ракьалда букIине гьабиялъе хирияв аварагасе квербакъи гьабиги. **Гьал мугьажирал руго жидер иманалъулъ ритIухъал муъминзаби.** Гьал мугьажирал рукIана гIемер ракъун чара тIагIараб мехалъ жидер чехьалда тIад цузе гьабун гамачI (къоноги) бухьун, гьелдалъун жидер мугъ битIун чIезабурал ва гьеб хIалалдаги Аллагьасеги ва гьесул расуласеги мутIигIлъи течIел.

**9. Жидеца Мадина ватIанлъун ккурал ва мугьажирал рачIинелде ццебего жидеца иманги лъун букIарал, жидехъе гьижра гьабун рачIарал муъминзабиги жидее рокьулел. Гьел мугьажиразе пай-гьаниматалдаса аварагас бутIа кьураб мехалъги жидер гьелда хьул лъоларел** ва жидеца гьеб аварагасул хIукму разилъун къабул гьабулел. **Жалго цIакъ ракъун-къечон ругониги, жидеца диналъул вац тIаса вищун гьесие хIажатаб жоги кьолел.** Гьал сипатал жидер ругел ансарал

руго Аллагь жидеда разилъарал ва жидер даража-макъам тIадегIанал муъминзаби. **Аллагьас напсалъул бахиллъиялдаса цIунарал гIадамал руго жиндир лъикIлъиялда кверщел батарал ва жидер бахьи буголъарал гIадамал.**




**I0. Гьаздаса хадур рачIарал муъминзабаца абизе буго: “Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижер мунагьал рахче ва нижедаса цере рукIарал муъминзабазулги мунагьал рахче.** Хирияв авараггун цадахъ Аллагьасул диналъе жидеца квербакъи гьабурал асхIабзаби руго гьел. **Дуца нижер рекIелъе жидеца Аллагьасда иман лъурал гIадамаздехун ццим бахъин, хIасад ва хIалхъублъи гьабуге. Мун вуго, нижер БетIергьан, цIакъ гурхIулев ва дуца мунагьал рахчунев.**

Гьаб аяталдаса хIужа-далилги босун гIемерисел гIалимзабаца капураллъун гьаруна “Рафизиял” абулел гIадамал. Гьел руго жидеца хириял асхIабзабазда гIайиб гIунтIизабулел, гьезда рогьоб балел гIадамал. АшшагIби абулев гIалимас абуна: Гьал рапизиял ягьудияздасаги насранияздасаги квешал руго. Ягьудиязда гьикъидал нужер диналъул бищун лъикIал гIадамал щал ругел абун гьез абуна Муса аварагасул асхIабзаби руго абун. Насранияздa гьебго жо гьикъидал гьезги абуна ГIиса аварагасул асхIабзаби руго абун. Рафизиязда гьикъидал нужер диналъул квешал чагIи щал ругел абун, гьез абуна МухIаммадил асхIабзаби руго абун.. гьезда Аллагьас амру гьабун буго хириял асхIабзабазе лъикIаб дугIа гьабе абун, гьез асхIабзабазде рогьоб балеб буго. Гьезда тIад хвалчен букIине буго Къиямасеб къо щвезегIан” – абун. Гьал хириял асхIабзабазего гIадин муъминзабаца кидаго цоцазе лъиккIаб дугIа гьабизе ккола ва цоцадехун хIалхъублъи, хIасадги гьабизе бегьуларо.

**II. Дуда рихьуларищ ва дуца пикру гьабуларищ, МухIаммад, гьал мунафикъзабазул. Гьез абулеб буго жидер ваццалгIадин ругел китабияб агьлуялъул капурзабазда: «нуж гьаб Мадинаялдаса къватIире къотIани, нижги нужгун цадахъ къватIире рахъине руго. Нужеда МухIаммадица ва гьесул асхIабзабаца рагъ гьабулеб бугони нижеца нужее квербакъиги гьабизе буго. Ниж цониги чиясе мутIигIлъизе гьечIо нужее зарал бугеб иш гьабизе абадиялъго»-абун. Аллагь вуго жинца нугIлъи гьабулев гьел гIадамал жидеца гьереси бицунел рукIиналъе.**

**I2. Гьел китабиязул капурзаби Мадинаялдаса къватIире къотIараб мехалъ мунапикъзаби гьелгун цадахъ къватIире рахъине гьечIо. Гьезда рагъ гьабулеб бугони жидеца гьезие квербакъиги гьабизе гьечIо. Нагагь квербакъи гьабизе абун лъугьаралги хIинкъун, лъутун ине руго. Цинги гьел мунафикъзабазеги дол китабиязеги лъилго квербакъи букIине гьечIо.**


**I3. БичасхIаги, я гьал муъминзаби, гьел мунафикъзаби нужедаса цIикIун хIинкъулел руго Аллагьасдаса жал хинкъиялдасаги. Гьеб амру гьедин букIиналъе сабабги буго гьел рукIин жидеда жо бичIчIунарел, жидер гIакълу гьечIел гIадамал.** Гьезда лъалеб гьечIо ТIадегIанав Аллагьасул къуват ва гуч.

**I4. Гьезда кIоларо жал цолъун нужеде данде рагъ гьабизе рахъинеги, жидерго сиязда, хъулбузда жанир ва росдал сангаразда нахъа рукIун гурони. Гьезул жидедаго гьоркьобги къуватаб тущманлъи буго. Дуда гьел цолъун руго абун кколеб букIуна, амма гьезул ракIал руго цоцаде пикру данде кколарел. Гьаб амру гьадин букIиналъеги сабаб буго гьел рукIин жидер гIакълу гьечIел гIадамал.** Гьезул гIакълу кинха букIинеб жал рижарав ва жал хьихьулев БетIергьан Аллагь гьезда лъалев гьечIелъул.

**I5. Гьезул мисал буго жидеда гIагардаго гьалаг гьарурал капурал къавмазул мисал.** Бадроялда гьалаг гьарурал къурайшазулги, мадинаялдаса къватIире къотIарал бануназириязулги мисал буго гьезул: **жидеца жидер куфру-ширкалде данде гIазаб чIамурал. Гьезие ахираталдаги жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазаб букIине буго.**

**I6. ЩайтIаналъул мисалалда релълъунги буго гьезул мисал: гьеб щайтIаналъ инсанасда абула мун Аллагьасде гIасилъе ва дуца гьесда инкар ккве абун. Гьев чияс Аллагьасда инкар ккун хадуб щайтIаналъ абула: «Гьанже дун дудасан бацIадаб ва рикIкIадаб буго. Дун хIинкъулеб буго кинабго гIаламалъул БетIергьанлъун вугев Аллагьасул гIазабалдаса»–абун.**

Гьересияб ргIи буго гьаб щайтIаналъул ргIи. Гьеб Аллагьасдаса хIинкъулеб букIарабани гьесда гIасилъизе букIинчIо. Гьеб ргIи гьелъ абула жинца къосине гьавурав чиясул ракI бекизе гьабун ва гьев махсароде гьавун.




**I7. Гьал киназулго ахирги буго киналго цадахъ жужахIалде лъугьинари ва абадиялъго гьенир рукIинги. Гьаб буго жидеца куфру-ширкалдалъун ва нифакъалдалъун напсазе зулму гьабурал гIадамазе букIунеб жазаъ.**

**I8. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа! Щибаб напсалъ пикруги гьабе жинца ахираталда батулеб щиб гIамалдай гьабун буго абун. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа, я гьал муъминзаби! Гьев Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

**I9. Нуж рукIунге жидеда Аллагь кIочарал гIадамазда релълъун, цинги Гьезда Аллагьас жидерго напсалги кIоченарурал. Гьел руго пасикъал гIадамал.**

**20. Гьал жужахIалъул агьлулъун ругел гIадамалги, алжаналъул агьлулъун ругел муъминзабиги цоцада релълъун рукIунаро жидер даража-макъамалъул рахъалъ. Алжаналъул агьлу буго жидер дунялалдаги ахираталдаги бахьи бугел гIадамал.**

**2I. Гьаб хирияб Къуръан рорхатал мугIрузде тIаде рещтIине гьабун букIарабани,** гьел мугIрузе инсанасе гIадаб гакълу-лъайги кьун букIарабани, **дуда гьел мугIрул рихьилаан, я гьав инсан, Аллагьасдаса хIинкъун ва гьесие хIелун рихъ-рихъун унел.** Гьединаб къуватаб асар жинца гьабулеб Къуръаналъ инсанасе щибго асар гьабунгутIи гIажаибаб жо гьечIищ? Гьаб Къуръаналда инкар ккун, гьелда божичIого цо гIадамал чIейги цIакъго гIажаибаб жо буго! **Гьадинал мисалал рачуна ТIадегIанав Аллагьас жиндир лагъзадерие гьез вагIза босизе ва гьел Аллагьасдаса хIинкъизе бокьун.**

**22. Ва гьев Аллагь вуго жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан, жив гурев цоги Аллагь гьечIев. Жинда загьираб, аскIоб бугебги, балъгояб, рикIкIад бугебги жо лъалев. Жив гурхIулев, жиндир гурхIел-рахIму гIемерав ва даимав.**

**23. Гьев Аллагь вуго жинца нуж рижарав, нуж хьихьулев, жиндие лагълъи гьабизе хIакъав, жив гурев цоги жиндие лагълъи гьабизе бегьулеб щибго жо гьечIев. Кинабго махлукъалъул ханлъун ва БетIергьанлъун жив вугев. КинабгIаги жиндие мукъсанлъи бачIунеб сипаталдаса жив вацIцIадав. Жиндир зулму ва гIакъубаялдаса махлукъ саламатлъарав,** гьезие маслахIат бугеб гуреб жо жинца гьабуларев. **Жинца жиндир аварагзаби ритIухъ гьарулев гьезие мугIжизатал кьун ва квербакъи гьабун. Жинца кинабго жоялъул тадбир гьабулев, гьеб цIунулев, жиндир гуч бергьарав, жиндаса щибго жо бергьунарев. Жиндир къудрат ва бергьенлъи кинабго жоялда тIад бугев, жиндие бокьараб жо гьабулев. Кинабго кIодолъиги жиндие бугев. Мушрикаца жиндехун ширк гьабун жидее лагълъи гьабулел гьересиял гIахьалчагIаздасаги. Аллагь вацIцIадав ва тIадегIанав вуго:** хъанчал ругониги, суратал, чурхдул ругониги ва цогидаб щиб махлукъ бугониги.


**24. Гьев Аллагь вуго жив цогояв нужер БетIергьан! Жинца кинабго жо бижулев щибго мисал-сурат гьечеб бакIалдаса. Жиндие бокьараб жо батизе гьабулев, гьеб жиндир махлукъалъул жиндие бокьараб сипат-суратги жинца гьабулев. Гьев Аллагьасе руго жал берцинал, жидер**

**магIна гъваридал цIарал. Гьев Аллагьасе тасбихI гьабулеб, гьев кIодо гьавулеб ва гьесие рецц гьабулеб буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ. Гьев Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав, жиндир пиша хIакимияв.** Жиндир хIукму къадаралъулъ гIадлу битIарав, жиндир махлукъалъе маслахIат бугеб хIукму гьабулев.

Инсанасда жиндир жагьиллъиялъ пуланаб амру жиндие квешб буго абун кканиги, гьелъул хIасил ва ахир гьев инсанасе жинда жаниб лъикIлъи бугеб букIуна, гьев инсан Аллагьасда божарав ва гьесие жинца гIибадат гьабулев вугони. Капурчиясе дунялалъул рукъоб бугеб квешлъиги ахираталъул рукъоб бугеб гIазабги цоцада хурхараб букIуна. Гьесие дунялалъул рукъоб лъикIлъи бугин ккараб жоги ахираталда гьесие гIазаб гьабиялъе сабаблъун букIуна.

Аллагьасул тавпикъалдалъун Сурату ХIашриялъул тапсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецци тIадегIанав Аллагьасе буго.




**Сурату МумтахIанати 60.** ХIалбихьи гьабиялъул бицунеб сурат.

Мадинаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила лъабго аят бугеб.

**I. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца дирги нужерги тущбаби гьудулзабилъун, вализабилъун ккоге! Гьел нужехъе бачIараб хIакъаб жоялда инкар ккун чIун руго:** хирияв расуласдаги, гьесде рещтIине гьабураб Къуръаналдаги, гьелда жанир ругел шаргIиял ахIкамаздаги, ахираталъул хабаралдаги гьез инкар ккун буго. **Жидеца нужги ва хирияв Аллагьасул расулги Маккаялдаса къватIире рахъине гьаруралги руго: нуж нужер БетIергьан аллагьасда иман лъурал рукIин сабаблъун, цоги щибго гIилла-сабаб гьечIого. Дун разилъи тIалаб гьабун къватIире рахъарал ва дир диналъе гIоло жигьад гьабулел гIадамал нуж ратани, нужеда гьаб хIукму лъай ва нужеца капурзабаздехун гьудуллъи гьабуге!**

**Нужеца рекIелъ бахчун буго гьездехун рокьа-хинлъи, балъгого гьезухъе хабарги битIулеб буго. Дун нужер кинабго хIал лъалев вуго ва дир лъаялдаса щибго жо бахчун хутIуларо:** нужеца загьирго гьабураб бугониги, балъго гьабулеб бугониги. **Жинца капурзабаздехун рокьа-хинлъи гьабулев, гьезухъе муъминзабазул хабар щвезабулев чи битIараб нухалдаса къосарав чи вуго.**

**2. Гьел капурзабазул нужеда тIад хIал бергьани ва нуж къезарине гьезда кIвани мунафикъаз загьир гьабизе буго жидер рекIелъ бугеб хIалхъублъи. Гьел нужее тущбабилъун рукIине руго, жидер квералги, мацIалги гьез нужее зарал гьабиялъе хIалтIизарине руго ва гьезие бокьулеб жоги буго нуж капурзабилъун рукIин.**

**3. Нужее щибго мунпагIат гьабизе гьечIо нужер гIагарал гIадамаз ва нужерго лъималазги. Гьеб къиямасеб къоялъ нуж цоцадаса ратIа гьаризе руго.** Гьеб бугелъул капурзабиги муъминзабиги ратIа гьарулеб къо. **ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулев ва лъалев.** Гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ гьабизе буго Къиямасеб къоялъ щивав инсанасе.


**4. Нужее цIакъ берцинаб мисал ва нахърилълъин буго Ибрагьим аварагасда ва гьевгун цадахъ рукIарал муъминзабаздаги. Гьев Ибрагьимица ва муъминзабаца жидер жидеца ширк гьабулеб къавмалда абуна: "Ниж рацIцIадал руго нужедаса ва нужеца Аллагьги живго тун жидее лагълъи гьабулел аллагьзабадаса. Нижеца нужеда инкар кколеб буго: нуж нижгун цадахъ гьечIо ва нижер гIагарал гIадамалги гьечIо. Жакъаялдаса нахъе нужедаги нижедаги гьоркьоб тущманлъи буго ва цоцаде ццим бахъинги буго. Гьаб хIал кидаго букIине буго нужеца**

**Аллагьасда иман лъезегIан: гьев Аллагь цо гьавун, гьесдехун щибго жо гIахьал гьабичIогI" – абун.**

**Ибрагьим аварагасул цо рагIиялда нахърилълъин гьечIо нужее.** Гьеб рагIи буго Ибрагьимица жиндир инсуда абураб: **"Дица Аллагьасдаса дур мунагьал рахчи тIалаб гьабизе буго. Цоги дуе гьабизе ТIадегIанав Аллагьасда аскIоб дида кIолеб щибго кумек гьечIо ".** Гьеб рагIи Ибрагьим аварагас абун букIана жиндир эмен Азар иман лъоларев вукIин жинда лъалелде цебе. ТIадегIанав Аллагьас Ибрагьимида капурзабазе лъикIаб дугIа гьабизе бегьуларо абун абидал Ибрагьим аварагас инсуе дугIа гьаби жибго тана.

Хадубги гьев Ибрагьим аварагас ва гьесда иман лъурал гIадамаз абулеб буго: **"Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуда буго нижеца тавакал тIамулеб, тавбу гьабун руссинги нижер дуде буго. Ахираталда кинабго халкъалъул руссунеб бакIги дуде буго** хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе"-абун

**5. Я нижер БетIергьан! Дуца ниж капураб къавмалъе питналъун гьаруге!** Гьел нижедаса бергьине риччаге. Гьедин жал бергьараб мехалъ гьез абизе буго гьел муъминзаби ритIухъал рукIаралани гьел нижедаса къезе рукIинчIо абун. Цоги магIна гьабуна: «Гьел капурзаби нижеде тIаде риччан ниж диналдаса нахъе чIваге, гьеб дин гьабизе кIоларелълъун гьаруге»-абун. **Дуца нижер мунагьалги чуре, я нижер БетIергьан! ХIакълъунго мун вуго дур гуч бергьарав в дур тадбиразулъ гIадлу битIарав хIаким.**




**6. Гьал муъминзабазда нахърилълъин лъикIаб ва берцинаб буго нужедаса жидее ахират бокьарал ва Аллагь разилъи бокьарал гIадамазе. Аллагьасда иман лъеялдаса ва гьесие мутIигIлъиялдаса руссун чIарал гIадамазе** гьелъул балагь ва къварилъи жидеего букIине буго. **ХIакълъунго Аллагь жив бечедав вуго, жиндир заталъулъ ва сипатазулъ жив вещцарав вуго.**

**7. ТIадегIанав Аллагьас нужедаги ва нужедехун тущманлъи бугел нужер гIагарал чагIи мушриказда гьоркьобги рокьа-хинлъи гьабизеги бегьула. Аллагь жиндие бокьараб жо гьабизе хIалкIолев вуго, гьев Аллагь жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулевги вуго.**

**8. Аллагьас нуж нахъе чIвалел гьечIо хурхен гьабиялдаса ва цо-цо лъикIлъи гьабиялдаса Аллагьасул диналъе гIоло нужедехун рагъ гьабичIел ва тущманлъи гьабичIел гIадамаздаса. Нуж Маккаялдаса къватIире къотIизе жидеца яхIги бахъичIел:** руччаби, лъимал, загIипал гIадамал руго гьел. **Нужеца гьел гIадамазе зарал бугеб жо гьабуге, гьезулгун гьабулеб хурхенги гIадилаб хIалалъ гьабе. ХIакълъунго аллагьасе рокьула жал ритIухъал гIадамал.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: гьаб аят рещтIине гьабуна ХузагIат кьибилалъул гIадамазул хIакъалъулъ. Гьел рукIана Аллагьасул свалат салам лъеяв аарагасе жидеца къотIи гьабурал гьесде данде рагъиларо абун ва бусурбабазде данде рагъизе цогидазе квербакъиги гьабиларо абун. Аллагьас изну кьуна гьезие лъикIлъи гьабизе ва гьездехун хурхен гьабизеги.

Жинда Аллагь разилъаяй Асмаъ бинту Абубакридасаги бицана: *"ХIудайбияталда аварагасе байгIат гьабун хадуй дихъе эбел ячIана, гьей жегиги иман лъечIейги йикIун. Дун Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасухъе ана ва гьесда абуна: "Дихъе эбел ячIун йиго, гьей иман лъечIейги йиго. Дица гьелъие лъикIлъи гьабилищ?" – абун. Аварагас абуна: "Дуца эбелалъе лъикIлъи гьабе*" – абун. Цинги ТIадегIанав Аллагьас гьаб аятги рещтIине гьабуна (8 абилеб).

**9. Аллагьас нуж нахъе чIвалел руго нужеца гьудуллъи гьабиялдаса Аллагьасул диналъе гIоло нужеда рагъ барал ва нуж нужерго ватIаналдаса къватIиреги рахъинарурал гIадамазулгун. Гьединго гьел муширказе нуж Маккаялдаса къватIире къотIизе жидеца**

**квербакъи гьабурал гIадамазулгун гьудуллъи гьабиялдасаги нахъе чIвалел руго нуж. Гьел жидеца гьудулзабилъун кколел гIадамал руго жидеца жидерго напсазе зулму гьабулел гIадамал.**

**I0. Я гьал муъминзаби! Нужехъе муъминал руччаби рачIараб механъ жидеца гьижра гьабун, гьезул хIалбихьи гьабе ва гьезул иман ритIухъаб бугодай абун лъазе гьабе. Гьез иман лъураблъи Аллагьасда лъала. Гьесда кинабго жоялъул хIакъикъатги лъала. Нужеда лъани гьел руччаби ждеца иман лъурал рукIин, гьел капурзабахъе тIадруссине гьаруге. Гьел иман лъурал руччаби капурзабазе хIалаллъуларо ва капурзаби гьел руччабазеги хIалаллъуларо. Гьел руччабазул капурал россал ратани, гьел россабаз гьал руччабазе магьариде кьун букIараб боцIи дозухъе нахъе буссинабе. Нужее мунагь-хIакъ гьечIо гьел руччаби нужеца рачани гьезие магьариде боцIиги кьун. Нужер капурал руччаби ругони** (нужеца иман лъураб механъ руччаби ииман лъечIого чIун ругони) **гьел нужер руччаби гьечIо, нужеца гьел нужер руччабилъун рикIкIунге. Нужер руччаби иман лъечIого чIун нужедаса нахъе ани, нужеца гьезие кьун букIараб магьари нахъе тIалаб гьабе. Капурзабацаги тIалаб гьабе абе жидеца кьун букIараб магьари гьезул руччаби иманги лъун бусурманав чиясе араб механъ. Гьаб буго нужее бугеб Аллагьасул хIукму ва Аллагьас нужеда гьоркьоб гIадилаб хIукмуги гьабулеб буго. Гьев Аллагь вуго гIадилаб, жиндилъ маслахIат бугеб хIукму жинца гьабулев ва лагъзадерие мунпагIат бугеб хIукму жинда лъалев.**

**II. Нужер цоязул руччаби муртадлъун капурзабахъе ани ва нужее гъазаватги гьабун гьенисан гьанимат (давла) щун бугони, нужеца жиндир чIужу капурзабахъе арав чиясе гьес магьариде кьун букIараб боцIи кье.** Гьаниматалдаса гьев чиясе гьес кьун букIараб къадар, гьелда релъгьараб боцIи кье. **Нужги хIинкъа нужеца жинда иман лъурав нужер БетIергьан Аллагьасул гIазабалдаса**. Гьесул амру-нагью тIубан, гьев разилъи талаб гьабун хьваде.

**I2. Я гьав Бичасул авараг! Духъе иманги лъун жидеца байгIат гьабизе абун руччаби рачIараб механъ дуца гьезда байгIат гьабизе гьабе жидеца Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ щибго жо гIахьал гьабиларо абун. Жидеца цIогьги гьабиларо абун, зинаги гьабиларо абун. Жидеца жидерго лъималги чIваларо абун. Жидеца гьереси бицун чияр лъимер дур буго абун росасдаги абиларо абун.** Цо чIужу лъимер лъугьунарого йикIун, жий росас йиччала абун хIинкъараб механъ гьез чияр лъимерги бачун гьаб дица дуе гьабураб лъимер буго абун абулеб букIана жиндирго росасда. Гьеб иш гьабиларо абун байгIат гьабизе гьабулеб букIана руччабазда. **Дуда хIакъаб жоялъулъ жал гIассилъиларо абунги гьабе байгIат. Гьал шартIал гьез къабул гьарураб механъ дуца гьезие байгIат гьабе ва Аллагьасдаги гьаре гьезул мунагьал чуре абун. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго.**




**Дуда хIакъаб жоялъулъ жал гIассилъиларо абунги гьабе байгIат. Гьал шартIал гьез къабул гьарураб механъ дуца гьезие байгIат гьабе ва Аллагьасдаги гьаре гьезул мунагьал чуре абун. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жинца мунагьал чурулев ва жив гурхIулев вуго.**

**I3. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца жидеда Аллагьасул ццим бахъароал гIадамал гьудулзабилъун ккоге.** Гьел нужер вализабилъун ва гIакълучагIилъун гьаруге. Киналниги капурзаби ва мушрикал жидеда Аллагьасул ццим бахъарал руго. **Гьел руго жидер ахираталъул нигIматаздаса хьулкъотIарал гIадамал:** гьел божулел гьечIелъул ахират букIиналда ва гьениб алжанги жужахIги букIиналдаги. **Гьел капурзабазул хьулкъотIун бугеб гIадинго, жидер хварал гIадамал тIаде рахъине гьаризе руго абураб жоялдаса.** Гьелда божичIого, гьеб букIуне б жо гьечIо абун руго гьел капурзаби.

**Сурату Ссафи 6I.**

Мадинаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила ункъо аят бугеб

**I. ТIадегIанав Аллагь вацIцIад гьавун ва гьев кIодо гьавун жидеца тасбихI гьабулеб буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ.**


**Гьев Аллагъ жиндир гуч бергьарав, жиндир пишабазулъ хIакимияв вуго.** Жиндие бокьараб жо гьабизе кIолев, гьелдаса жив щибго жоялъ нахъчIваларев вуго, ва амма жинца цо маслахIат бугеб, жиндир махлукъалъе мунпагIат бугеб жо гурони гьабуларо.

**2. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца гьабулареб жо гьабила абун щай нужеца абулеб?**

**3. Аллагъасда аскIоб цIакъ ццим бахъунеб жо буго инсанас жинца гьабизе гьечIеб жо гьабилин абун бицин.** Гьаб кIиго аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун абуна: цо бусурбабаца абулеб букIана: «Нижеда лъалебани бищунго лъикIаб гIамал щиб бугебали, нижеца гьеб гьабизе букIана ва нижер напсги, боцIи-малги гьеб ишалъе гIоло кьезе букIана» - абун. Цинги Аллагъасе жигьад гьаби парз гьабураб мехалъ гьеб цо гIадамазе рихана ва жал гьеб жигьад гьабиялдаса нахъе къана. Цинги ТIадегIанав Аллагъас гьаб цебехун хъвараб кIиго аят рещтIине гьабуна.

**4. ТIадегIанав Аллагъасе рокьула жиндир диналъе гIоло мухъал гьарун рагъулел гIадамал. Гьеб мухъалдаса лъутичIого, цоцазда цун, щулияб минаялда релълъун жалги рукIунел.** Аллагъасул тущбабазде данде вагъизе вахъарав чи кидаго лъутизе бегьуларо. Гьесда лъазе ккола жив Аллагъ разилъи тIалаб гьабун вагъулев вукIин ва жиндие Аллагъас квербакъиги гьабизе букIин.

**5. Муса аварагас жиндир къавмалда абурб гIуж рехсе, МухIаммад, дуцв дур къавмалъе вагIзалъун: «Я дир къавм! Нужеда дун хIакъав Аллагъасул расул вукIинги лъалеб букIаго дие зарал щай гьабулеб?** Аллагъас дие кьурал гIемерал мугIжизаталги нужеда рихьана, дица бицунеб жо битIараб букIинги нужеда лъала»-абун. **Гьел бануисраилал Аллагъасул хIакъаб диналдаса гьетIараб мехалъ, Аллагъас гьезул ракIалги гьетIизе гьаруна жал хIакъаб нухалда тIоритIун ккеялдаса. Аллагъас пасикъаб къавм тIобитIуларо хIакъаб динул исламалда.** Жидеца Аллагъасул расуласе къварилъи гьабураб мехалъ гьел гIадамал капурлъиялде ана ва гьезул ракIалги хIакъаб дин жанибе лъугьунарел лъугьана.




**6. Марьямил вас ГIисаца жиндир къавмалда абураб гIужги рехсе, МухIаммад: «Я бануисраилал! Дун вуго нужеде витIарав Аллагъасул расул. Дица ритIухъ гьабула дида цебехун рещтIинабураб Таврат ва гьелда тIад бугеб хIукму. Дица рохелги бицунеб буго дидаса хадув вачIине вугев аварагасдалъун, жинда цIарги АхIмад абун бугев» - абун. Гьев ГIиса авараг жидехъе хIакъал хIужабигун вачIараб мехалъ бану исраилаз абуна : «Гьаб жо цIакъ баянаб, лебалаб сихIро буго» - абун.**

**7. Жинца Аллагъасде гIунтIизе гьабун гьереси бицунев чиясдаса жиндир зулму кIудияв чи щивха вукIинев? Жив хIакъаб исламияб диналде ахIулев вугеб мехалъ** жинца гьеб ахIиялъе жаваб кьечIого гьев Аллагъасул расул гьереси гьавун, Аллагъасул каламги гьереси гьабун жив хьвадарав чи вуго гьав**. ХIакълъунго Аллагъас битIараб нухалде тIоритIуларо куфру-ширкалдалъун жидеца напсазе зулму гьабулел гIадамал.**

**8. Капурзабазе бокьун буго жидер хъубал кIалазул гьуриялдалъун Аллагъасул диналъул нур свине гьабизе.** Гьел релълъун руго жидеца бакъалдехун ралагьун гьеб бакъалде хIухьел пулел гIадамазда, гьеб бакъул нур свине гьабизе бокьун. **ТIадегIанав Аллагъ ж.инца жиндир Исламияб дин ракьалда тIад тIибитIизе гьабулев вуго кигIанго гьеб дин капурзабазе рихун бугониги.**

Аллагъасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: *«ТIадегIанав Аллагъас дие кинабго ракь сукIана (дида гьеб кинабго бихьизе гьабуна), дида гьеб ракьалъул киналго рахъалги рихьана. Дир умматалъул ханлъи щвезе буго гьеб Аллагъас дида бихьизе гьабураб ракьалъул рагIалълъабазде»* - абун.

**9. Гьав ТIадегIанав Аллагъ вуго** жиндие гIибадат гьабизе тIадав нужер БетIергьан, **жинца хирияб Къуръанги ва хIакъаб динги босун жиндир расул нужехъе витIарав, гьеб дин Аллагъас**

**киналго диназдаса бергьинабизе, гьеб хIакъаб Исламияб дин бергьин мушриказе цIакъ рихараб жо бугониги.**

**I0. Я гьал иман лъурал гIадамал! Дица нуж тIоритIилищ нуж жинца унтизе гьабулеб жужахIалъул гIазабалдаса цIунулеб диналда?**


**II. Нужеца тIадегIанав Аллагьасда ва гьесул расуласда иман лъе. Нужерго магIигшаталдалъун ва нужерго напсаздалъун Аллагьасул диналъе гIоло гъазаватги гьабе! Гьаб даран буго нужее бищунго хайир бугеб. Нуж жо лъалел ва бичIчIунел гIадамал ратани, нужеца гьеб иш гьабе!** Гьаб гIамал гьабун нуж хьвадани:

**I2. Аллагьас нужер церехун гьарурал мунагьал чурила, ахираталда нуж лъугьинарила жидеда жаниса гIорал чвахулел алжаназул ахазукь. ЦIакъ берцинал ва лъикIал чIолел бакIалги рукIина нужее даимго нуж жанир рукIунел алжаназда жанир. Гьаб рехсараб ажру буго цIакъ кIудияб бахьи буголъи ва лъикIлъиялда квершел бати.**

**I3. Гьаб гуребги цогиги лъикIлъи ва рохел буго нужее жиб цIакъ бокьулеб: Аллагьасул рахъалъан бугеб тущбабазда тIад квербакъи буго гьеб ва Исламияб дин бергьин ва загьирлъи буго. Дуца муъминзабазда рохел бице, МухIаммад, гьаб кIудияб рохелалдалъун**.

**I4. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж Аллагьасул диналъе квербакъулеллъун рукIа! ГIиса аварагас жиндир асхIабзаби хIавариюназда абураб мехалъ: «Аллагьасул дин халкъалъухъе щвезабизе ва гьеб диналъе квербакъи гьабизе дие квербакъулев чи щив вугев?» - абун, гьел хIавариюназ абуна: «Ниж руго Аллагьасул диналъе квербакъулел гIадамал» - абун.** Нужги гьел ГIисал асхIабзаби гIадин аварагасул ахIиялъе жаваб гьабураллъун ва Аллагьасул диналъе квербакъи гьабулеллъун рукIа. **Гьаб бануисраилазул цо къукъаялъ Аллагьасдаги гьесул расул ГIиса аварагасдаги иман лъуна, цоги къукъа жидеца инкар ккунги чIана. Дица жидеца иман лъураб къукъаялъе квербакъи гьабуна жидер тущбабаздаса гьел бергьине ва гьел муъминзаби жал бергьаралги лъугьана.**

Жидер хIужа-далилалдалъун гьел бергьарал руго киналго капурзабазул къукъабаздаса. Гьев ГIиса аварагасул уммат чанго къукъаялде рикьана ва гьел мушрикаллъун лъугьана: цояз Гiиса Аллагь вуго абун, цояз гьев Аллагьасул вас вуго абун, цогидаз Аллагь лъабго жоялдаса данде гьавурав вуго абун: эменги, васги, рухIулкъудусги данделъарав чи вуго Аллагь абун. Аллагь тIадегIанав вуго ва жив вацIцIадав вуго жиндир лъимал рукIиналдаса ва жиндие гIахьалчи вукIиналдаса.


الجزء الثامن والعشرون سورة الجمعة

سورة الجمعة

بسم الله الرحمن الرحيم

يُسَبِّحُ لِلَّهِ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ الْمَلِكِ الْقُدُّوسِ الْعَزِيزِ
الْحَكِيمِ ﴿١﴾ هُوَ الَّذِي بَعَثَ فِي الْأُمِّيِّينَ رَسُولًا مِنْهُمْ يَتْلُوا عَلَيْهِمْ
آيَاتِهِ وَيُزَكِّيهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ الْكِتَابَ وَالْحِكْمَةَ وَإِنْ كَانُوا
مِنْ قَبْلُ لَفِي ضَلَالٍ مُبِينٍ ﴿٢﴾ وَآخَرِينَ مِنْهُمْ لَمَّا يَلْحَقُوا بِهِمْ
وَهُوَ الْعَزِيزُ الْحَكِيمُ ﴿٣﴾ ذَٰلِكَ فَضْلُ اللَّهِ يُؤْتِيهِ مَنْ يَشَاءُ وَاللَّهُ
ذُو الْفَضْلِ الْعَظِيمِ ﴿٤﴾ مَثَلُ الَّذِينَ حُمِّلُوا التَّوْرَاةَ ثُمَّ لَمْ
يَحْمِلُوهَا كَمَثَلِ الْحِمَارِ يَحْمِلُ أَسْفَارًا بِئْسَ مَثَلُ الْقَوْمِ
الَّذِينَ كَذَّبُوا بِآيَاتِ اللَّهِ وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الظَّالِمِينَ
﴿٥﴾ قُلْ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ هَادُوا إِنْ زَعَمْتُمْ أَنَّكُمْ أَوْلِيَاءُ لِلَّهِ مِنْ
دُونِ النَّاسِ فَتَمَنَّوُا الْمَوْتَ إِنْ كُنْتُمْ صَادِقِينَ ﴿٦﴾ وَلَا يَتَمَنَّوْنَهُ
أَبَدًا بِمَا قَدَّمَتْ أَيْدِيهِمْ وَاللَّهُ عَلِيمٌ بِالظَّالِمِينَ ﴿٧﴾ قُلْ
إِنَّ الْمَوْتَ الَّذِي تَفِرُّونَ مِنْهُ فَإِنَّهُ مُلَاقِيكُمْ ثُمَّ تُرَدُّونَ
إِلَىٰ عَالِمِ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ فَيُنَبِّئُكُمْ بِمَا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ ﴿٨﴾

الحزب ٥٦

٥٥٣

**Суратул ЖумугIати 62.** Рузманалъул какил бицунеб сурат

Мадинаялда рещтIинабураб, жинжда жаниб анцIила цо аят бугеб

**I. ТIадегIанав Аллагьасе жидеца тасбихI гьабулеб буго зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ. Кинабго махлукъалъул ханлъун жив вугев гьев Аллагь, жив кинабго мукъсанлъи, загIиплъиялдаса вацIцIадав, жиндир гуч ва къуват бергьарав, жиндир хIукму-къадаралъулъ жив хIакимияв:** маслахIат ва мунпагIат бугеб жо гурони жинца гьабуларев.

**2. Гьев Аллагь вуго** нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав нужер бетIергьан**, жинца хъвай-цIали гьечIел гIарабиязда гьездаго гьоркьоса расул витIарав, жинца гьезие Аллагьасул Къуръаналъул аятал цIалулев, гьел купру-ширкалъул чороклъиялдаса рацIцIадги гьарулев. Жинца гьезда Аллагьасул калам Къуръанги лъазабулев, жиб бацIцIадаб суннатги лъазабулев, гьел гIадамал жидехъе авараг витIизегIан цереккун баянаб къосиналъулъ рукIарал ругониги.**

**3. Гьав авараг витIулеб мехалъ рукIинчIел, гьелдаса хадур жал рукIунел киналго гIарабияздеги гIажамияздеги витIаравги вуго гьав МухIаммад авараг. Гьев Аллагь жиндир гуч бергьарав, жиндир пиша хIакимияв хан вуго.**

**4. Гьаб МухIаммад аварагасе кьураб хиралъи ва тIокIлъи Аллагьасул рахъалъан буго ва Аллагьас гьеб жиндие бокьарав чиясе кьола. Гьев Аллагь вуго цIакъ кIудияб хиралъи-тIокIлъиялъул бетIергьан.**

**5. Жидехъе таврат кьурал ва гьелда гIамал гьабе абун амруги гьабурал, цинги жидеца гьеб тавраталда гIамал гьабичIел гIадамазул мисал буго жинда тIад лъун гIемерал тIахьал раччун ругеб хIамаялъул мисал.**

Гьеб хIамаялъе жиндир мугъалда тIад ругел тIахьаздаса, жиб свакай гуреб, цоги мунпагIат щолареб гIадин, тавраталда гIамал гьабичIел ягьудиязеги,ахираталда жидее жужахIалъул гIазаб букIин гуреб, щибго мунпагIат гьечIо гьеб таврат жидеде рещтIана абураб рагIиялдаса.

**ЦIакъ квешаб мисал бугоха гьаб жидеца Аллагьасул аятазда инкар кколеб къавмалъе бачараб.ТIадегIанав Аллагьас хIакъаб диналда тIоритIуларо жидеца купру-ширкалдалъун жидерго напсазе зулму гьабулел гIадамал.**

Жидехъе расулги витIун, тIехьги рещтIине гьабун,хIакъаб дин босе абун амру гьабураб мехалъ жидеца гьеб дин босичIел ва гьелда гIамал гьабичIел гIадамал жидерго купруялда тола Аллагьас, гьезда хIалги гьабун гьеб исламияб дин босизе гьабуларо. Гьедин тана ТIадегIанав Аллагьас ягьудиялги насраниялги жидеца инжил-тавраталда гIамал гьабичIеб мехалъ ва гьезда жиндир сипатал рицарав, жинда нахърилълъа абун амру гьабурав МухIаммад авараг гьез гьереси гьавидал, гьесда рещтIараб къуръанги ритIухъ гьабичIеб мехалъ.

**6. Дуца абе МухIаммад: «Я гьал ягьудиял! Нужеца абулеб батани нуж ругин цогидаб кинабго халкъалдаса Аллагьасе рокьулел гIадамал абун, нужер хвалде хьул лъеха гьеб нужер рагIиялъулъ нуж ритIухъал ратани»-абун.**

Аллагьасе жал рокьулел гIадамазе Аллагьги вокьизе ккола ва гьев Аллагьасда дандчIвазе гIащикълъун рукIине ккола. Нуж гьедин рукIаха ва нужеда хехго холел анищ абун ракIалде кка.

**7. Гьел ягьудиязул кидаго хвалиде хьул лъоларо,** гьел цIакъ хIинкъун рукIуна жидеде тIаде хвел бачIиналдаса**. Гьелъие сабаб буго гьез Аллагьасде инкар кквей, гьесул русулал ГIиса ва МухIамад гьереси гьари ва цогиги кIудиял мунагьалги пасалъабиги гьари. Аллагь жинда залимал ва зулмуял гIадамазул хIал лъалев вуго.**


Гьал аятал рещтIине гьариялъе сабаб буго ягьудияз жал Аллагьасе бищунго рокьулел гIадамал ругин, жидер гIемерал аварагзабиги рукIанин, жал гурони алжаналде жанireги лъугьине гьечIин абун аби. Гьезул рагIи гьереси гьабун рещтIине гьаруна ТIадегIанав Аллагьас гьал аятал.

**8. Дуца абе МухIаммад! Нуж жиндаса лъутулеблъун бугеб хвел чара гьечIого нужеда дандчIвазе бугеб буго. Гьелдаса рорчIине бакI гьечIо. Цинги, къиямасеб къоялъ, нуж руссинаризе руго жинда кинабго жо лъалев бетIергьан Аллагьасде ва гьениб нужеда бицине буго нужеца дунялалда гьабураб кинабго гIамал.**

**9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Рузман къоялъ къалъул гIужалда, нуж как базе ахIараб мехалъ, нужеца даран-базар ва цогидаб хIалтIи жибго те ва нужеца хехлъи гьабе Аллагьасе как базе ва гьев рехсезе масжидалде ине. Гьеб нужер ахираталъе цIакъ лъикIаб гIамал буго.** Дунялалъул рукъобги нужее баракат буголъи щвела. **Нуж нужеда жо лъалел гIадамал ратани нужеца гьаб амру тIубазабе.**

**I0. Нужеца как бараб мехалъ нуж ракьалда тIад хьваде ва нужер хъулухъазде ва даран-базаралде а, Аллагьасул цIоб-рахIматалдаса хIалалаб, бацIцадаб ризкъи тIалаб гьабе. Нужеца кинабго хIалалъ Аллагь рехсей гIемер гьабе. Аллагьас ва гьесул расулас бихьинабураб хIалалъ нуж хьвадани, нужер лъикIлъиялда кверщел батизе буго.**

**II. Муъминзабазул цо къукъхаялда даран-базар гьабизе цо къапила бачIунеб букIин лъараб мехалъ, гьезул ахIи-хIур ва** махсаро-хочI бихьараб мехалъ гьел гьеб къапилаялде данде чIвазе рекерун ана**, мунги тана дурго минбаралда тIад вахъун чIун вугеб хIалалъ.** Гьел жидер иман загIипал, сабру дагьал, дунялалъул даран-базар ахираталъулалдаса жидеца цебе гьабулел гIадамазда **дуца абе, МухIаммад: ахираталда Аллагьасда аскIоб бугеб ажру-кири цIакъ лъикIаб буго гьаб дунялалъул даран-базаралдаса ва махсаро-хочIалдаса. Гьев Аллагьги вуго бищунго лъикIав Разикъ»-абун.** Кинабго ризкъи Аллагьасул буго ва гьес кьураб жо гурони цониги инсанасе букIунаро. Гьедин бугелъул нужеца гьеб ризкъи щвеялде нух бache Аллагь разилъи тIалаб гьабун, лъикIаб гIамал гьабун. Гьеб буго ризкъи гIатIилъиялъе бищунго мухIканаб сабаб.




Суратул **Мунапикъуна** 63.

Мадинаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила цо аят бугеб.


**I. Мунапикъзаби духъе рачIараб мехалъ гьез дуде абулеб буго, МухIаммад: «нижеца нугIлъи гьабулеб бугин мун Аллагьасул расул вукIиналъе»-абун. ТIадегIанав Аллагь жинда лъалев вуго мун гьесул расул вукIин.** Гьесие гIадамазул нугIлъи хIажат гьечIо гьеб амру тасдикъ гьабизе**. Аллагь жинца нугIлъи гьабулев вуго гьел мунапикъзаби жидеца гьереси бицунел рукIиналъе.** КIалалъ мун расулаллагь вуго абун абуниги, гьезул рекIелъ дуда иман лъей гьечIо. Гьел руго мунги муъминзабиги жидеца гуккулел абун, амма гьез жидерго напсал руго гуккулел ва махсарроде гьарулел.

**2. Жидер гьересияб гьа гьедиги гьез ккун буго бусурбабаца жал чIвачIого рукIиналъе сабаблъун.** Нижги иман лъурал руго абун Аллагьасул цIаралдалъун гьересияб гьа гьедулеб буго. Цинги Аллагьасде иман лъеялдаса жидеца гIадамалги нахъе чIвалел руго. **Жигьад гьабиялдаса ва МухIаммад аварагасда нахърилъльиналдаса гIадамал нахъе чIвалел руго.** Жалги бусурбаби руго абун гьаял гьедун гьел кIалъараб мехалъ ва жигьадалде инчIого чIеялъе батIи-батIиял сабабал рицун гьел рагъдеги рахъинчIеб мехалъ, гьезда нахърилъльун жидер иман загIипал муъминзабиги гьелгун

цадахъ рукъор чIолел рукIана. **Гьел мунапикъзаби руго жидеца гьабулеб гIамал цIакъ квешал гIадамал.**

**3. Гьеб квешаб гIамал ва гьересияб гьа гьеди гьез гьабулеб буго иман лъун букIун хадур гьел капурлъун рукIиналъ** ва рекIелъ иман гьечIолъиялъ. Гьезул ракIазда тIад мугьру чIван буго гьезда жанибе иман лъугьунареб хIалалъ **ва гьел руго жидеда хIакъаб жо бичIчIунарел гIадамал.**

**4. Дуда гьел мунапикъзаби рихьараб мехалъ мун гьезул чурхдуз гIажаиблъизе гьавулев вуго.** Гьел руго гIорцIарал, кьариял, берцинал ва кутакал. **Гьел кIалъараб мехалъ дуе гьезухъ гIенеккизеги бокьулеб буго,** гьезул калам пасихIаб ва берцинаб букIун**. Гьезул хIакъикъат буго цо къеда аскIор рахъун чIезарурал цIулал рахазда релълъун.** Гьезул щибго гIакълу гьечIо, гIелмуги гьечIо. **Кинабго борхараб гьаракь жидедехун ахIулеб буго абун ккола гьезда,** гьел хIинкъулел, бахIарчилъи гьечIел рукIиналъ. **Гьал руго унго-унгоял муъминзабазул тущбаби. Нуж гьезул хIиллаялдаса цIуне! Жидеда Аллагьасул ццим бахъаги ва жал Аллагьас гIодорегIанги гьареги! Гьел мунафикъзаби хIакъаб динул исламалдаса кирехун руссунел ругел?**




**5. Мунапикъзабазде абураб мехалъ нуж аварагасухъе рачIа, гьес нужер мунагьал рахчи тIалаб гьабилин абун, гьез жидер бутIрул дорехун руссинарула ва дуда гьел рихьизе руго хIакъаб жолдаса жал руссараллъун ва жидеца гIамалкIодолъи гьабулеллъун.**

**6. Гьезие щибго мунпагIат гьабуларо, МухIаммад, дуца гьезул мунагьал рахчи тIалаб гьабуниги, гьабичIого таниги. Гьезул Аллагьас кидаго мунагьал рахчуларо. ХIакълъунго Аллагьас хIакъаб Исламияб диналда тIобитIуларо пасикъаб, мунапикъаб къавм.**

**7. Гьел мунафикъаз Мадинаялъул ансаразда абулеб буго: «Нужеца напакъа кьоге ва квербакъи гьабуге Аллагьаксул расулгун цадахъ ругел асхIабзабазе, гьел гьаб Мадинаялдаса нахъе ине» - абун. ТIадегIанав Аллагьасе буго зобал-ракьазул ханлъи ва хазина. Гьеб Аллагьас жиндие бокьарасе кьола. Гьеб амру жидеда бичIчIунарел руго мунафикъзаби.**

**8. Гьел мунафикъаз жеги абулеб буго: «Ниж гьаб гьазаваталдаса тIад руссун Мадинаялде щвани, гьеб Мадинаялдаса жидер къадру бугел гIадамаз къватIире къотIизе руго жал гIодорегIанал гIадамал» - абун. ТIадегIанав Аллагьасе буго кинабго тIадегIанлъи ва къадру-кIодолъи. Гьединго Аллагьасул расуласеги, киналго муъминзабазеги буго. Гьеб иш гьедин букIинги лъалеб гьечIо гьел мунафикъзабада.**

Гьаб микьго аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицун абуна: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас бану мустIалакъ абулеб къавмалде гъазават гьабулеб мехалъ цо лъим бугеб бакIалда гIадамал тIаде руссун, цоцалъ тунка-гIуси ккана ва цо мугьажиразул чияс ансариясда кьабуна. Цинги гьез ахIи-хIур гьабуна цоцалъ рагъдезе гIагарлъун рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас, гьаб щиб жагьилияб ахIи абун гьел гIодоре руссине гьаруна. Гьеб хабар рагIараб мехалъ мунапикъазул бищунго кIудияв ГIабдуллагь бину Салулица абуна: «Унго гьабунищха мугьажираца гьеб хIалтIи! Валлагьи гьезулги нилъерги мисал буго нилъер умумузул кициялда рекъон: «Дуца гьве кьара гьабе дудего данде багъизе» - абураб. БичасхIаги гьаб гъазаваталдаса Мадинаялде руссани гьел гIодорегIанал МухIаммадги гьевгун цадахъ ругел мугьажиралги къватIире къотIизе руго жидер къадру бугел Мадинаялъул гIадамаз!» - абун.

Хадубги гьес жиндир къавмалда абуна: «Гьал мугьажирал Мадинаялда чIун руго нужеца гьезие квербакъи гьабулеб букIиналъ. Нужеца квербакъи гьабиги, гьезие напакъа кьейги тани, гьел Мадинаялдаса лъутун ине руго» - абун. Гьеб хабар жинда рагIарав Зайд бину Аркъам абулев асхIабас

гьеб аварагасда бицана. Жинца бицараб хабар аварагасде щвараблъи лъараб мехалъ гьев ГIабдуллагь бину Салул аварагасухъе вачIана ва гьа гьедун жинца гьеб хабар бицинчIо абун кIалъана. Жинца Зайд бину Аркъам гьереси бицунев чилъун гьавуна. Гьеб гьазаваталдаса тIадруссун рачIунеб мехалъ нухда сорда базе чIараб бакIалда Аллагьас жиндир расуласда гьал аяталги рещтIине гьаруна.

**9. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж машгъул гьаруге нужер магIишаталъ ва лъимал-хъизаналъ Аллагь рехсеялдаса ва гьесие гIибадат гьабиялдаса. Гьев Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса дунялалъ жал машгъул гьарурал гIадамал руго ахираталъе жал чIорого хутIарал гIадамал.**


**I0. Ва нужеца Аллагь разилъи тIалаб гьабун нужер боцIи-мал садакъаде кье нужеде тIаде хвел бачIинелде цебе. Гьеб хвел бачIараб мехалъ жинца садакъа-хайрат гьабичIев чияс абизе буго: «Дун дагьав нахъе вахъун толев анищ хвезавичIого, дица садакъа кьезе ва лъикIаб гIамал гьабулездаса дунги вукIине» - абун.**

**II. Жиндир гIажал тIаде щвараб напс Аллагьас нахъе бахъун толаро ва гьеб хвезе гьабула. Гьев Аллагь жинда лъалев вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал ва гьелда рекъараб жазаъ жинца нужее гьабизе бугевги вуго.**

Жинда Аллагь разилъаяв Ибну ГIаббасица абуна: «Жиндир боцIи-мал бугев чи жив КагIба рукъалде хIеж гьабизе ине гIолеб къадар, цинги жив хIежалде инчIев, гьединго паризаяб закат бахъизе гIураб боцIи-мал бугев, жинца гьеб закатги бахъичIев чи, жив холеб мехалъ гьесул хьул лъола жив хвезе гьавичIого толев анищ гьеб боцIи-малалъул жинда тIад бугеб хIакъ тIубазегIан» - абун.

Сурату **Ттагъабуни** 64.

Мадинаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила микьго аят бугеб.




**I. Зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъ жинца тIадегIанав Аллагьасе тасбихI гьабулеб буго. Гьев Аллагьасе буго тIубараб ханлъи ва кинабго рещцги. Гьев Аллагь вуго жиндир кинабго жоялда хIалкIолъи бугев,** жиндие бокьараб жо гьабизе гьев щибго жоялъ нахъе чIваларо.

**2. ТIадегIанав Аллагь вуго жинца нуж рижарав. Нужедасан цо къукъа жидеца Аллагьасде иман лъолеб буго. Цогидаб къокъа жидеца Аллагьасде инкар кколеб буго. Гьев Аллагь вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда бихьулев ва лъалев.**

**3. Жинца зобалги ракьги бижарав вуго гьев Аллагь. Гьеб бижи гIададисеб жо гьечIо,** гьелъулъ БетIергьанасул хIикматал руго ва гьеб инсанасе дунялалъулги диналъулги амру тIубазе маслахIат бугеб хIалалъ бижун буго. **Аллагьас нужги рижун руго ва нужер сипат-сухратги цIакъ берцинаб гьабун буго. Ахираталда нужер руссинги гьев Аллагьасде буго.**

**4. ТIадегIанав Аллагьасда лъала зобалаздаги ракьалдаги бугеб кинабго махлукъалъул ахIвал-хIал, нужеца загьирго гьабулеб ва балъго гьабулеб гIамалги лъала гьев Аллагьасда. РакIалда жаниб бугеб пикру жинда лъалев вуго тIадегIанав Аллагь.** Гьединаб камилаб лъаялъул БетIергьанасе инсанас гьабулеб гIамалалъул щибниги жо балъго хутIуларо ва щивав инсанасе жиндир гIамалалда релъдъараб жазаъ гьабизе буго.

**5. Нужехъе бачIинчIищ нужеда ццере рукIарал капурал къавмазул хабар. Жидер гIамалалда релъдъараб балагь жидеде тIаде бачIарал ва ахираталдаги жидее жужахIалъул гIазаб букIине бугел.**

**6. Гьаб амру гьадин букIиналъе сабаб буго гьел къавмазухъе аварагзаби рачIун рукIин Аллагьасул рахъалъан баянал гIаламаталгун ва хIужа-далилгун. Гьел къавмаз абуна:**


**«Нижедаго релъларав чиясищ ниж хIакъаб диналде тIоритIулел?»-абун. Гьез Аллагьасда инкар ккуна, аварагасда нахъ рилълъиналдасаги гьел руссун чIана. Цинги Аллагьасги гьезие гIейи гьабуна:** жинца гьел гьалаг гьарун ракьалдаса тIагIине гьаруна. **ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жив бечедав ва жив щибго жоялда хIажатав гьечIев.**

**7. Капурзабаца абулеб буго жал хун хадур тIаде рахъине гьаризе гьечIо абун. Дуца гьезда абе, МухIаммад, дир БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун нуж тIаде рахъине гьаризе руго абун, цинги нужеда бицинеги буго нужеца дунялалда гьабураб кинабго гIамал. Гьеб иш тIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб иш буго.** Щибго мисал-сурат гьечIеб бакIалдаса гьаб кинабго гIалам бижарав Аллагьасе, хун хадув гьев инсан тIаде вахъине гьави ва гьесул хIисаб-мизан гьабун гьесие жазаъ гьаби цIакъго бигьаяб жо буго.

**8. Нужеца иман лъе ТIадегIанав Аллагьасдаги, гьесул расуласдаги. Дица гьев МухIаммадида рещтIине гьабураб Къуръаналдаги иман лъе! Гьев Аллагь вуго нужеца гьабулеб кинабго гIамал жинда лъалев.** Жинца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясул Аллагьас мунагьал чурула ва гьев алжданазул ахазукье лъугьинавула жидеда жанисан нигIматазул гIорал чвахулел. Даимго гьенир жанир рукIинелъун лъугьинарула гьел алжаназде. Гьеб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва абадияб бахьи буголъи.

**9. Нужеца ракIалде щвезе гьабе жиндир хIинкъи ва гIазаб кIудияб Къиямасеб къо. Гьеб буго нуж киналго жиндилъ данде гьарулеб ва капурзаби чIорого хутIи загьирлъулеб къо.** Гьев капурчияс ахиратги бичун дунял босун букIиндал гьесие ахираталда жужахIалъул гIазаб гурни щибго жо букIунаро. Дунялги, бичун ахират босарал муъминзабазе гьенир алжаназул нигIматал рукIуна. Аллагьасул диналъе гIоло жидеца рухI бичарал шагьидзабазе тIадегIанал макъамалги рукIуна.

**Жинца иманги лъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарав чиясул Аллагьас мунагьал чурула ва гьев алжданазул ахазукье лъугьине гьавула жидеда жанисан нигIматазул гIорал чвахулел. Даимго гьенир жанир рукIинелъун лъугьине гьарула гьел алжаназде. Гьеб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва абадияб бахьи буголъи.**




**I0. Жидеца Аллагьасде инкар ккурал, дир Къуръанги ва цогидал гIаламаталги жидеца гьереси гьарурал гIадамал руго жужахIалъул бетIергьаби, даимго жал гьенир жанир рукIунел. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жужахI!**

**II. Инсанасде цониги къварилъи щоларо Аллагьасул изнуялдалъун, гьесул хIукму-къадаралдалъун гурони. Жинца Аллагьасда иман лъурав чи вуго жинца жиндир ракI лъикIаб ишалда тIобитIарав чи. ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев.**

Гьесда лъала балагьазда сабру гьабизеги, нигIматазда щукру гьабизеги. Гьесда якъинго лъала жинде щвараб жо жинде щвечIого хутIуларе букIараблъи. Гьединго гьесда лъала жиндие щвечIеб жо жиндие щвезе гьечIеб жо букIинги. Аллагьасул хIукму-къадаралъе мутIигIлъун, гьелда разилъун, иманалда жанив хIалхьун ва ракI парахалъун вукIуна хIакъикъияв муъминчи. ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев. Гьесда лъала жиндие тIубанго мутIигIал муъминзабиги, жидер иман загIипал мунапикъзабиги, жинда инкар ккурал капурзабиги.

**I2. Нуж Аллагьасеги гьесул расуласеги мутIигIлъе! Нуж иман лъеялдаса ва мутIигIлъиялдаса руссун чIани, гьелъул къварилъи нужеего букIине буго. Дир аварагасда тIадаб жо гьечIо нужехъе хIакъаб дин щвезаби гурони.**

**I3. Жив цогояв, цоги жинда релълъарав гьечIев вуго нужер БетIергьан Аллагь. Гьев Аллагьасде тавакал тIаме абе киналго муъминзабаца.**

**I4. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужер руччабаздаса ва нужер лъималаздаса нужее тущбаби рукIуна. Нуж гьезул хIилла-макруялдаса цIуне! Нуж гьездаса тIаса лъугьани, гьез нужее гьабураб къварилъиги кIочон тани ва Аллагьасда гьезул мунагьал рахчиги гьарани гьеб нужеего лъикIаб буго. ТIадегIанав Аллагь жив гурхIулев ва жинца мунагьал чурулев вуго.** Гьел нужер руччабаздаса ва лъималаздасаги Аллагь тIаса лъугьина ва гьезда Аллагь гурхIила. Нужецаги гьезда гурхIел гьабе ва гьел хIакъаб исламияб диналде ахIе.

Гьаб аят рещтIине гьабиялъе сабаб бицана: Маккаялда ругеб мехалъ жидеца иман лъураб цо къукъа гьижра гьабиялдаса нахъе чIвана гьезул руччабаца ва лъималаз. Гьез абуна: «Нижеца сабру гьабун буго нуж Исламияб диналде иналда, амма нижеца сабру гьабизе гьечIо нужедаса ратIалъун рукIиналда» - абун. Гьел муъминзаби гьижра гьабизе кватIун, хадур Мадинаялде гьел щвараб мехалъ жидеца цебеккун гьижра гьабурал асхIабзаби гьезда ратана жидеда исламияб дин бичIчIараллъун ва аварагасе гIемер квербакъи гьабураллъунги. Гьел асхIабзаби пащманлъун, гьезда жидер агьлу-хъизаналъе гIакъуба гьабизе ракIалде ккедал ТIадегIанав Аллагьас гьаб аят рещтIине гьабуна ва гьел жидер агьлу-хъизаналда тIаса лъугьана.

**I5. Нужер боцIи-малги, нужер лъимал-хъизанги буго нуж Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса жидеца машгъул гьарулеб жо.** Гьеб буго Аллагьас нужер хIалбихьи гьабиялъе бугеб дунялалъул чIаголъи. Гьелдалъун загьирлъула жиндир иман камилав ва иман загIипав чи. **ТIадегIанав Аллагь вуго жинда аскIаб цIакъ кIудияб ажру-кири бугев.** Гьев Аллагьасул ажруялде хьул лъун нужеца дунялалъул чIаголъи рехун те, гьелъ гуккун Аллагьасе гIибадат гьабизе кIочон рукIунге!

**I6. Нужер хIалкIвараб хIалалъ нуж Аллагьасе мутIигIлъе, гьесдаги гIенекке ва гьесул гIазабалдаса хIинкъа! Ахираталъе батизелъун нужер боцIи-мал напакъадеги кье! Жидерго напсалъул бахиллъиялдаса жал цIунарал, гьелъул хъантIи ва сурукълъи жидеца къезабурал гIадамал руго бахьи буголъиялда квершел батарал гIадамал.**


**I7. Нужеца Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьесул диналъе квербакъи гьабизе боцIи-мал харж гьабуни, Аллагьас нужее гьелде данде г!емерго цIикIкIараб ажру-кири гьабула ва нужер мунагьал чурула. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь жиндие маутIигIал муъминзабазе щукру гьабулев вуго гьезул лъикIаб гIамалалъул ажру гIемерго цIикIкIинабун. Жив гурхIулев, жиндир хIелму бергьаравги вуго.**

**I8. Жинда загьирабги батIинабги жо лъалев, цебеккун букIараб ва хадубккун букIунебги жо лъалев вуго Аллагь. Жиндир гуч бергьарав, жиндир гIадлу битIарав, хIикмат кIудияв вуго гьев Аллагь.**

Аллагьасул тавпикъалдалъун Сурату Тагъабуниялъул тафсир ва таржама хъван тIубана.

Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

**Сурату тIалакъи 65. ЦIар тIамиялъул бицунеб сурат.**




Мадинаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила кIиго аят бугеб.

**I. Я гьав Бичасул авараг! Нужеца руччабазул цIар тIамураб мехалъ гьеб цIар тIаме гьезул гIида байбихьулеб мехалъ.** Гьел хIайизалдаса рацIцIалъулеб мехалъ тIаме цIар нуж гьезда аскIор регичIого. **Нужеца гьеб гIидаялъул заман цIуне ва гьеб камил гьабе.** Лъабго нухалъ хIайизалдаса яцIцIалъи бихьинегIан буго хIайиз бачIуней чIужуялъул гIида. Гьеб гIида цIуниялдаса мурад буго кIиго чиясул лъим (мани) жубачIого букIин ва лъимер лъил бугеб мухIканго лъалеб букIин. **Нуж хIинкъа нужер БетIергьан Аллагьасда гIасилъизе. Нужеца гьел руччаби цIар тIамун гIидаялда ругеб мехалъ рукъоса къватIире рахъинаруге. Гьел руччаби жалгоги къватIире рахъунге гьеб рукъоса гIида тIубазегIан. Цо гIаданалъ къабихIаб пиша гьабуни:** гьелъ зина гьабуни, росасул гIагарлъиялда рогьоб бан, рагъ гьабун хьвадани, гьей гIадан къватIие яхъинайила. **Гьал руго Аллагьасул шаргIалъул гIорхъаби. Гьел гIорхъаби жинца хвезарурав чи жинца жиндирго напсалъе зулму гьабурав чи вуго. Дуда лъаларо, я гьав инсан, Аллагьас щиб амру хадуб нужее загьир гьабулеб.**

**2. Гьел жидер цIар тIамурал руччабазул гIида тIубазе мех щварабго, гьел руччаби тIадруссине гьаризе бокьани тIадруссине гьаре, ратIа гьаризе бокьани ратIаги гьаре. Гьел тIадруссине гьаруни, гьезулгун гьабулеб яшав лъикI гьабе,** гьезие напакъа-ретIел кье ва берцинаб хIалалъ гьалмагъалъи гьабе. **Гьел ратIа гьаруниги гьезие кьезе кколеб жоги кьун, жидее зулму ва къварилъи гьабичIого ратIа гьаре. Руччаби тIадруссине гьаруниги, ратIа гьарулел ругониги кIиго гIадилав нугIги вукIине гьаве нужеца гьабураб хIукму гьезда лъан букIине ва хадуб дагIба-къец ккечIого букIине.** Гьел нугIзал рукIин суннатаб буго. Цо гIалимзабаца абуна чIужу тIад юссине гьаюлей йигони кIиго нугI вукIин тIадаб буго абун. **Гьел нугIзаллъун ругел гIадамаз нугIлъи гьабе Аллагь разилъи тIалаб гьабун.** БитIараб хIалалъ гьабе нугIлъи ва гьеб нугIлъи гьабизе жал ахIараб мехалъ нугIлъи гьабизеги а!

**Гьаб вагIза буго жинца Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъурав чиясе гьабулеб бугеб. Жиндир киналго хIалазулъ Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун хьвадулев чиясе Аллагьас гьесул амру бигьа гьабула, гьеда Аллагьас жинца кинабго къварилъи, пащманлъи тIаса ине гьабулеб нухги бихьизе гьабула.**

**3. Жиндида ракIалдаго гьечIеб рахъалъан Аллагьас гьесие хIалалаб ризкъиги кьола. Аллагь жинца гIейи гьабулев вуго жинда тавакал тIамурав чиясе. ТIадегIанав Аллагь вуго жиндир хIукму ва амру кинабго махлукъалда тIад бугев ва гьеб хIукму жиндие бокьараб хIалалъ жинца тIубазе гьабулев. Аллагьас щибаб жоялъеги гIорхъи ва къадар чIезе гьабун буго.** Инсанасде тIаде къварилъи бачIаниги, гIатIилъи бачIаниги гьеб даимаблъун букIунаро.


**4. Жидер хIайиз бачIиналдаса хьул къоарал руччаби ва жидеде хIайз бачIунарел руччабиги лъабго моцIалъ рукIина гIидаялда**. ХIайз бачIиналдаса хьул къотIарал руччаби руго херлъун хIайз бачIиналъ тарал. ХIайз бачIунарел руго жал гьитIинал рукIун хIайз бачIине мех щвечIел. Гьел руччабазе гIида гьабулеб заман лъабго моцI гьабун буго. **ЦIар тIамурал руччаби къинал ругони гьезул гIида букIуна лъимер гьабизегIан. Аллагьасдаса хIинкъарав ва жинца шаргIиял гIорхъаби цIунарав чиясе Аллагьас гьесул амру бигьа гьабула ва гьесие лъикIаб гIамал гьабизе Аллагьас квербакъиги гьабула.**

**5. Гьаб цебехун бицараб цIар тIамиялъул ва гIидаялъул хIукму буго Аллагьас нужеда рещтIине гьабураб шаргIалъул хIукму. Аллагьасдасаги хIинкъун жинца гьаб хIукму тIубазе гьабулев чиясул Аллагьас мунагьал чурула ва гьесул даража-макъамги тIадегIан гьабула.**

Аллагь разилъаяй Уммусаламатидаса хIадис бицана:

Расулуллагьас ﷺ абуна: ***«Дунги нужго гIадав гIадан вуго. Нуж дихъ хIукму гьабизе рачIунел руго ва дица нужеца бицараб жоялда рекъон хIукму гьабула. Нагагь дица мекъаб хIукму гьабуни (цоязул мал цогидазе ккезе гьабуни) гьеб мал гьесие жужахIалъул цIа букIуна» - абун.***

Гьаб хIадис Бухарияс ва Муслимица (ра) бицана.




**6. Нужеца гьел руччаби жанир чIезаре нужго жанир чIарал, нужер рес-махIалалда рекъарал рукъзабахъ. Нужеца гьел руччабазе къварилъиги гьабуге напакъа-сахIалъул ва рукъалъул рахъалъан,** гьел жидее напакъа тIалаб гьабун къватIире рахъине кколеб хIалалъ, яги гьез нужедаса ратIалъи тIалаб гьабулеб хIалалъ**. Гьел цIар тIамурал руччаби къинал ругони гьезие напакъа кье жидеца лъимер гьабизегIан. Лъимер гьабун хадубги жидеца гьеб лъимер хахинабулеб бугони ва гьелъул тIалаб гьабулеб бугони, гьел руччабазе ужра-мухьги кье. Нужеда гьоркьоб гьабулеб хурхенги шаргIалда рекъараб, жинда жаниб лъикIлъи ва маслахIат бугеб хIалалъ гьабе. Гьал кIиялго цоцада рекъечIони, инсуца жиндир лъимер хахинабизе ва гьелъул тIалаб гьабизе чIужугIадан ижараде ккве!** Цоги гIадан щвечIони, яги лъимералъ гьелъул керен хахулеб гьечIони, цинги эбелалда тIадаб буго жиндир лъимер хахинабизе ва инсудаги тIадаб буго гьелъие гIадаталда рекъараб мухь кьезе.

**7. Жиндир бечелъи ва рес-махIал бугев чияс гьелда релъдъараб кье чIужуялъе кьолеб напакъа ва ретIел. Мискинав чияс Аллагьас жиндие кьураб ризкъиялда релъдъараб напакъа кье. Аллагьас цониги напсалда хIал гьабуларо жиндир рес рекъараб жоялдалъун гурони. Аллагьас захIмалъиялда хадуб гIатIилъиги гьабула.** Гьев рос мискинав вугони чIужуялъ сабру гьабизе ккела ва Аллагьасдаса жидее ризкъи тIалаб гьабун, гьев разияб гIамал гьабун, рукIине ккела.

Гьал аятазда жаниб ТIадегIанав Аллагьас бицунеб буго цIар тIамиялда ва гIида тIубазе гьабиялда хурхараб хIукму. ЦIар тIами шаргIалда жаниб какараб жо буго ва цIакъго хIал рекъечIого, хъизан-рукъалъул гIадлу-низам лъугьунарого букIун гурони цIар тIамизе ва ригьин биххизе бегьуларо.

ЦIар тIамиялде амру ккараб мехалъ гьелъулги кIиго батIияб къагIида буго: суннатаб къагIида буго лъабабго цIар цадахъ тIамичIого тей. Цо цIарги тIамун чIужу жийго тела ва гьелъул гIида тIубазе миех гIагарлъидал гьел кIияздаго рекъон лъикIилан ккани, росас «Дун дир чIужуялде вуссана, дица гьей дидеги юссине гьаюна» – абила ва гьел цереккун рукIараб хIалалъ рос-лъадилъун рукIуна. Гьедин тIад руссине гьезие бокьичIони, гIида тIубараб мехалъ гьей чIужуялъул ихтияр букIуна цоги росасе ине. ГIидда тIубан хадубги гьел кIиязего тIад руссине бокьани, гьез цIидаса магьари лъезе ккола. Цо, яги кIиго цIар тIамун ятIалъарай цоги росасе инчIого жиндирго росасе ине бегьула цIидасан шаргIалда рекъон магьариги лъун.

**8. ГIемерал росаби руго жидер агьлуялъ Аллагьасдеги гьесул расуласдеги гIасилъи гьабурал, цинги дица цIакъ квешаб хIалалъ хIисаб гьабурал ва жидее цIакъ гучаб гIазабги гьабурал.**

**9. Гьез чIамана жидер квешаб гIамалалъул жазаъ ва гьезул амруялъул ахирги букIана жал чIорого хутIарал рукIин**, жидер руссунеб бакI жужахIалъул цIа букIинги.


**I0. Аллагьас гьезие хIадурун буго цIакъ гучаб гIазаб. Нуж Аллагьасдаса хIинкъа, я гьал иман лъурал, ва нужее Аллагьас гIакълу-лъайги кьурал гIадамал! Аллагьас нужеда гьаб хирияб Къуръанги рещтIинабун буго нужеца гьалда гIамал гьабизе.**

**II. Жинца нужее гьеб Къуръаналъул аятал цIалулев ва гьел нужее баян гьарулев расулги витIун вуго Аллагьас, жидеца Аллагьасда иманги лъун, гьесул расуласда нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабурал гIадамл куфруялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рачине. Жидеца Аллагьасда иманги лъун лъикIаб гIамал гьабурал гIадамал ахираталдаги Аллагьас алжаназда жанире лъугьинарула. Жидер ахакьан нигIматазул гIорал чвахулел, жидеда жанир гьел муъминзаби даимгоги рукIунел. Алжаналда жаниб тIадегIанав Аллагьас гьев муъминчиясе цIакъ берцинаб ризкъи хIадурун буго.**

**I2. Гьев Аллагь вуго жиндие гIибадат гьабизе тIадав нужер БетIергьан: жинца анкьалго зобал рижарав ва гьездаго релълълъараб ракьги бижарав.** Анкьго батIияб ракьги бижана абураб магIна гьабуна цо гIалимзабаца. Цогидаз абуна ракь цо бижана жиндир бижин ва батизе гьаби зобал рижиналда релълъараб абун. **Аллагьас жиндир амру гьел зобал-ракьалда гьоркьоб рещтIине гьабула ва гьесул хIукму-къадар гьениб билълъуна.. Гьаб кинабго махлукъ бижун буго Аллагьас, гьеб бижарав Аллагь жиндир кинабго жоялда хIалкIолев вукIин инсанасда лъазе. ХIакълъунго тIадегIанав Аллагь вуго жиндир гIелму-лъаялдалъун ва хIукму-къадаралдалъун кинабго махлукъалда жинца сверун лъугьин гьабурав ва гьелъул тадбир мухIканго гьабулев.**

**Сурату ТтахIрими 66.**

Мадинаялда рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила кIиго аят бугеб.




**I. Я гьав Бичасул авараг! Дуца щай хIарам гьабулеб Аллагьас дуе хIалалаблъун гьабураб жо! Гьеб иш дуца гьабулеб буго дур руччабазул цоял разилъи тIалаб гьабун.** Гьеб иш дуца гьабуге, Аллагьас дуе хIалал гьабураб гьоцIоги, дур гъарабаш Мариятги дуца хIарам гьаруге. **ТIадегIанав Аллагь жинца мунагьал рахчулев ва жив гурхIулев вуго.** Дуда Аллагьас гIайиб гьабулеб буго дурго напсалъе къварилъи гьабуна абун.

Тапсир гьабурав цо гIалимчияс гьаб бакIалда жиб бицинего рекъоларе магIна гьабун буго ва гьес абулеб буго: «аварагас Аллагьас хIалал гьабураб жо хIарам гьабуна»-абун. Гьаб буго аварагзабазде абизе бегьуларе рагIи. Гьел руго Аллагьас халкъалда тIаса рищун, гьезда дин лъазе гьабизе ритIарал гIадамал. Гьез абурабги, гьабурабги кинабго гIамал жидер умматалъе нухлъун букIуна.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьоцIо гьекъезе хIарамаб буго абун абичIо, яги Марият жиндие хIарамай йиго абичIо. Гьес жиндирго напс нахъе чIвана гьезда аскIове къаялдаса. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда чIвараб гIайибги гьев хира гьавулеб, гьесул къадру кIодо гьабулеб буго. Гьесде абулеб буго: «дуца дурго напсалъе къварилъи гьабуге гьел руччаби разилъи тIалаб гьабулевлъун вукIун»-абун.

**2. Аллагьас нужее изну кьун буго нужеца гьедараб гьа хвезе гьабизе,** гьеб хвезе гьабиялда жаниб цо маслахIат бугеб мехалъ. **Гьев Аллагь вуго нужер киналго умуразул Вали ва БетIергьан. Гьев Аллагь вуго жинца гьабулеб хIукмуялъулъ гIадлу битIарав, хIикмат гъваридав ва жиндир хIукмуялъул лагъзидерие ругел маслахIатал жинда лъалев.**

**3. Дуца рехсе, я гьав муъминчи, Аллагьасул расулас жиндир руччабазул цоялда балъгояб хабар бицараб гIуж** ва гьелда амруги гьабураб гьеб хабар лъидаго бицунге абун. **Цинги гьелъ гьеб хабар къватIиб бициндал ва Аллагьас жиндир расуласда гьебги лъазабидал, расулас дой**

**чIужуялда гьеб хабаралъул цо бутIа жинда лъараблъи бицана: кинабго балъголъи бицун гьелда бадибчIвай гьабичIого тана. Гьеб хабар жинда бицараб мехалъ дой чIужуялъ абуна: «дуда гьаб хабар лъица бицараб»-бун. Аллагьасул расулас абуна: «Дида гьеб бицана жинда кинабго жо лъалев Аллагьас» - абун.**


4. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: **«Нуж кIиялъго тавбу гьабуни нужее гьеб лъикIаб буго. Нужер ракIал дагьалго согIлъун рихьулел руго дида» - абун. Нагагь нуж кIияйго аварагасде данде рахъани, гьев аварагасе жинца квербакъулев гьесул БетIергьан Аллагь вуго, хадуб Жабраил малаик вуго, хадур лъикIал муъминзабиги руго. Гьезда хадур малаикзбаги руго жидеца аварагасе квербакъи гьабулел» – абун.**

**5. Хирияв аварагас нужер цIар тIамуни гьесул БетIергьан Аллагьас жиндир аварагасе нужедасанги лъикIал руччаби кьезе руго, жал Аллагьасе мутIигIал, жидеца Аллагьасдаги ахираталдаги иман лъолел, жидеда гьабураб амру тIубазе жал мукIурал ва лебалал, жидеца мунагьазда тавбу гьабулел, жидеца Аллагьасе гIибадатги гIемер гьабулел, Аллагьасе ва гьесул расуласе гIоло жидеца гьижраги гьабулел. Жал россабаз нахъе риччарал, ва жал жеги россабазе инчIел.**

**6. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца нужерго напс цIуне ва нужер агьлу-хъизанги цIуне жужахIалъул цIаялдаса: Гьеб цIа бакулеб жо ганчIал ва гIадамазул чурхдул ругеб. Гьеб жужахI хьихьун цIакъ гучал, жидер ццим бахъунел малаикзаби ругеб. Гьел малаикзаби Аллагьасул амруялъе гIасилъуларо ва гьез жидеда амру гьабураб жо цIакъ хехго ва мухIканго тIубазе гьабула.** Гьеб жужахIалдаса цIуни букIуна жидецаго Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун гьесие тIагIат-гIибадат гьабиялдалъун ва жиндир агьлу-хъизаналдаги гьеб жо лъазе гьабун ва гьеб гьабе абун амру гьабун.

Ахираталда капурзабаздехун абула:

**7. Я гьал капурал гIадамал! Жакъа нужеца кинабгIаги гIузру бачунге! Гьаб нужее гьабулеб жужахIалъул гIазаб буго нужеца дунялалда гьабураб гIамалалде данде гьабулеб бугеб жазаъ!**




**8. Я гьал иман лъурал гIадамал! Нуж кинацаго Аллагьасде руссун ритIухъаб тавбу гьабе! Аллагьас нужер мунагьал чуризе руго, нужги алжаназул ахазукье лъугьинаризе руго, жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел. Гьеб къо буго Аллагьас жиндир расулги, гьесда иман лъурал муъминзабиги гIадада хвезаруларе, гьел нечезе гьаруларе къо. Гьел муъминзабазда цебеги, кваранисанги хьвадулеб иманалъул нур букIуна. Гьеб къоялъ Аллагьас жидее гьабураб жазаалдаса рохун муъминзабаз абула: «Я нижер БетIергьан Аллагь! Дуца нижее гьаб нур тIубазабе, нижедаса гьеб кидаго тIаса босуге, дуца нижер киналго мунагьалги чуре! Мун вуго, Аллагь, кинабниги жоялда дур хIалкIолев!» - абун.**

**9. Я гьав Бичасул авараг! Дуца капурзабаздаги мунапикъзабаздаги жигьад гьабе! Дуца гьезда данде цIакъаб гуч ва ццин бахъинги загьир гьабе. Гьезул ахираталда руссунеб бакI жагьаннама буго ва цIакъ квешаб руссунеб бакI буго гьеб.**

**I0. ТIадегIанав Аллагьас мисал бачана капурал гIадамазул хIал баян гьабун. НухI аварагасул ва ЛутI аварагасул чIужуялъул. Гьай кIияйго чIужу йикIана дир лъикIал лагъзадерил руччабилъун.** Щибаб умматалъул авараг гьеб умматалъул бищунго лъикIал ва бищунго Аллагьасе гIибадат гьабулел рукIунелъул абуна «дир лъикIал лагъзадерил руччабилъун»-абун. Гьей кIиялъго жидер росабазе хиянат гьабуна: гьез иман лъечIо ва куфру-ширкалъул гIадамаздехун жидеца гьудуллъи гьабулел рукIана. **Гьей кIияйго капурай чIужуялъе щибго кумек гьабичIо НухIица ва ЛутIица гьел жужахIалде лъугьине гьарулеб мехалъ ва гьей**

**кIиялдаго ахираталда абула: «Нуж жужахIалде жанире лъугьа цогидаб жужахIалъул агьлугун цадахъ» - абун.**

Гьеб мисал бачун тIадегIанав Аллагьас баян гьабулеб буго щивав чиясе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ букIине букIин ва кигIанго лъикIал муъминзабазда ва аварагзабазда кIоларо гьел гIазабалдаса хвасар гьаризе. Куфруги иманги кIиго батIияб дин буго. Гьеб диналъул аслуялъулъго хилиплъарал капурал гIадамазе жидер гIагарал гIадамал лъикIал рукIиналдалъун ахираталда щибго кверабакъи букIунаро.

**II. Жидеца иман лъурал гIадамазул мисал бачун тIадегIанав Аллагьас ПиргIавнил чIужу Асият рехсана. Гьей Асиятица абуна: «Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца дие алжаналда жаниб дуда аскIоб рукъ бае дун гьений жаний йикIине ва дуца дун хвасарги гьае ПиргIавнил квешаб гIамалалдаса, гьесул куфру-ширкалъул заралалдаса ва дуца дун хвасар гьае жиб залимаб ва капураб къавмалдаса» - абун.**

Гьай Асият гIакълу камилай йикIиналъул гIаламат буго гьелъ жиндие лъикIаб ахират гьарулеб мехалъ Аллагьасда аскIоб бакI гьарулеб буго. Цогиги гьаб кIиго аяталдаса босизе кколеб гIакълу буго: жив Аллагь вуго абун чIарав ПиргIавнида кIвечIо Асиятил иман биххизе гьабизе. Жал аварагзабилъун ругел НухIида ва ЛутIидаги кIвечIо жидер капурал руччаби хIакъаб Исламияб диналда тIоритIизе. Гьалъ нилъее баян гьабулеб буго иманги куфруги рекIелъ букIунеб игIтикъад бугелъул, гьеб хисизе гьабизе инсанасда кIоларо Аллагьасул хIукму-къадар букIун гьел гIадамал жалго битIараб нухалде рачIун гурони.


**I2. ГIимранил яс Марьямил мисалги бичана Аллагьас рацIцIадал гIадамазул мисал бицун. Гьей Марьям жиндир черх цIунарай йикIана. Дица гьелъул лъорониб Жабраил хIухьел пузе виччана ва гьелдалъун Марьям къинайги лъугьана. Гьей Марьямица Аллагьас рещтIине гьарурал тIахьал ритIухъ гьарулел рукIана ва Аллагьасул каламги ритIухъ гьабулеб букIана. Гьей Марьям йикIана жий Аллагьасе мутIигай, жинца тIагIат-гIибадат гIемер гьабулейлъун.**

Имам Бухарияс ва Имам Муслимица бицараб хIадисалда абулеб буго *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Бихьиназул камилал гIадамал гIемерал рукIана. Руччабаздаса камиллъичIо ПиргIавнил чIужу Асиятги, ГIимранил яс Марьямги, Хувайлидил яс Хадижатги гурони ГIайшатил хиралъи киналго руччабаздаса гьанал чурпа цогидал* тIагIамаздаса тIокIаб бугеб гIадин буго» - абун. Гьал киназдаго Аллагь разилъаги.

Аллагьасул тавпикъалдалъун Сурату ТахIрималъул тапсир ва таржама хъван тIубана.
Кинабго рецц ва щукру ТIадегIанав Аллагьасе буго.

**Суратул Мулки 67**

Маккаялда рещтIинабураб, жинда жаниб лъеберго аят бугеб.




**I. Жив ВацIцIадав ва ТIадегIанав вуго кинабго ханлъи жинда кодоб бугев ва жиндие бокьараб жо гьабизе жиндир хIал кIолев Аллагь.**

**2. Жинца хвелги чIаголъиги бижарав вуго гьев Аллагь: жинца нужер хIалбихьи гьабизе, щивдай вуго нужедаса жинца камилаб иманги лъун берцинаб ва лъикIаб гIамал гьабун хьвадулев абун. Гьев Аллагь вуго жиндир гуч бергьарав, жинда гIасилъараздаса ццим босизе кIолев. Жив цо гьавун жиндие гIибадат гьабурал муъминзабазул жинца мунагьал чурулевги вуго.**

Капурзабаца ва мушрикаца абухъе, хвел абулеб жо жинца кинабго чIаголъи тIобанго къотIизе гьабулеб жо гьечIо. Гьеб хвел буго гьаб дунялалъул рукъосан «барзах» абун жинда абулеб хабалъ букIунеб заман базе инсан ин. Гьелда хадуб ахиратги букIунеб ва кинабго халкъ жидер хIисаб-мизан гьабизе ва жидее жазаъ гьабизе тIаде рахъине гьарулеб.

Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Нужер цояв хун хабалъ лъураб мехалъ ва гьесда тIаде ракьги бан жиндир агьлу-хъизан нахъруссараб мехалъ гьев хабалъ вугев чиясда нужер хьитазул хъварщи ргIула» - абун. Цогиги, аварагас абуна: «Дир напс жинда кодоб бугев Аллагьасул цIаралдалъун гьедулев вуго дун, нужеда цIикIкIун ргIулеб гьечIо дица гьал хварал гIадамаздехун гьабулеб хитIаб. Гьел хваразе жаваб кьезе кIоларо» - абун. Ай: Гьезда ргIунеб буго дица бицунеб хабар, амма гьез жаваб кьоларо.

**3. Гьев Аллагь вуго нужеца жиндие гIибадат гьабизе тIадав БетIергьан, жинца цоялда тIад цогидаб гьабун анкьго зоб бижарав. Гьев Аллагьас бижараб жоялъулъ нужеда кинабгIаги жагъаллъи, гъалатIги бихьуларо. Нужеца зоабалаздехун бер чанго нухалъ буссинабе, нужеда гьениб бихъараб, кьватIараб бакI бихьуладай абун. Нужеда гьеб кидаго бихьизе гьечIо!**

**4. Цингиги нужеца бер зодихъе буссинабе ва чанго нухалъ нужеца гьел зобалазул пикруги гьабе. Нужер бер тIадбуссун бачIине буго жинда щибго жагъаллъи бихьичIого, жиб Аллагьасе хIелараблъун, жиб свакай гуреб жиндие щибго пайда бахинчIеблъун.**

**5. ХIакълъунго дица гьаб дунялалда тIад бугеб зоб берцин гьабуна гьенир чирхъал гIадин цIвабиги кенчIезе гьарун. Гьел цIваби дица гьаруна щайтIабазда речIчIунел сунтраллъунги. Гьезие ахираталдаги дица жужахIалъул гIазаб хIадурун буго.**

ГIалимзабаца абуна: Зодир ругел цIвабзазул лъабго мунфагIат буго инсанасе: Гьездалъун зобал берцин гьарула, гьездалъун гIадамал сафаразде ругеб мехалъ гьезие нух лъайги гьабула, гьел цIвабзазул сунтрал зодире рахунел шайтIабаздаги речIчIула. Жалго цIваби речIуларо шайтIабазда хадур.

**6. Жидер БетIергьан Аллагьасда инкар кколел гIадамазе дица жагьаннамаялъул гIазаб хIадурун буго. ЦIакъ квешаб руссунеб бакI бугоха гьеб жагьанама.**

**7. Гьел гIадамал жужахIалда рехараб мехалъ гьезда цIакъ квешаб, жинца хIинкъизарулеб гьаракь ргIула гьеб жужахIалъул цIаялъул. Гьеб цIа гьалдолебги букIуна жанир ругел гIадамалгун цадахъ.**


**8. Ццим бахъун, жиб тIутIун унеб хIалги букIуна гьеб жужахIалъул. Щибаб къукъа гьениб жаниб рехараб мехалъ жужахI хьихьун ругел малаикзабаца абула: «Нужехъе Аллагьасул расул вачIинчIищ жинца нужее гьаб гIазабалдалъун хIинкъи кьолев» - абун.**

**9. Гьел гIадамаз абула: «Нижехъе Аллагьасул расул вачIана, амма нижеца гьев гьерси гьавуна ва нижеца абуна: «Аллагьас щибго жо рештIинабичIо. Нуж руго цIакъ къосарал гIадамал» - абун.**

**I0. Жегиги гьеб жужахIалъул агьлуялъ абула: Ниж дунялалда ругеб мехалъ нижеда хIакъаб жо ргIулеб букIарабани, яги гьеб хIакъаб жо лъалебгIаги букIарабани, ниж гьаб жужахIалъул агьлогун цадахъ рукIинароан абун.**

**II. Гьел гIадамал мукIурлъулел руго жидер мунагьазе. Амма гьезие жидер мукIурлъиялъ щибго мунфугIат гьабуларо. Аллагьас жиндир рахIматалдаса рикIкIад гьареги гьел жужахIалъул бетIергьаби!**

**I2. Жидеда Аллагьги вихьичIого, гьесул гIазабги бихьичIого Аллагьасдаса хIинкъарал гIадамазе Аллагьасул рахъалъан мунагьал чури буго ва кIудияб ажро-кириги буго.**




**I3. Нужеца нужер ргIи балъго гьабулеб бугониги, гьеб загьир гьабулеб бугониги ТIадегIанав Аллагь жинда кинабго жо лъалев вуго ва нужер рекIелъ ругел пикрабиги жинда лъалев вуго.**

**I4. Жинца махлукъ бижарав Халикъасда махлукъалъул хIал лъачIого букIиниш? Гьев Аллагь вуго жиндир лагьзадерида гурхIулев, гьезул киналго хIалал лъалев.**

**I5. Гьев Аллагь вуго жиндие лагьлъи гьабизе тIадав нужер БетIергьан, жинца нужее гьаб ракь квегъараблъун гьабурав. Нуж гьеб ракьалда тIаде хьваде ва нужеца Аллагьасул ризкъиги кванай. Ахираталда кинабго халкъ гьев Аллагьасде данде гьабизе буго жидер хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе.**

**I6. Нуж божунищ ругел я гьал капурал гIадамал, зобалазул БетIергьанав Аллагьас нуж ракьалда жанире кквезариларо абун, гьеб ракьги жиб багъарун, къоркьияб тIаде сверун, жинца гIадамал жинда жанире ккун букIунеб къоялъ.**

**I7. Яги нуж божунищ ругел зобалазул БетIергьан Аллагьас нужеда тIаде гамчIал (чIимхал) речIчIиларо абун. Дир гучаб гIазаб бихьараб мехалъ нужеда лъазе буго кин букIунеб дир хIинкъи кьей ва гIазаб.**

**I8. Гьал Маккаялъул мушриказдаса церехун рукIарал капурзабацаги жидехъе рачIарал аварагзаби гьереси гьаруна. Кинха дица гьездаги инкар ккураб гьезда гучаб гIазаб щвараб мехалъ**. Дица гьезие гIазаб гьабуна жинца гьел гIодогIан гьарулеб гIазабалдалъун. Жидеца иман лъечIони, авараг гьереси гьавиги течIони гьаб Маккаялъул агьлуялдеги щвезе бегьула гьел гIодорегIан гьарулеб гIазаб.

**I9. Гьел гIадамал балагьуларищ жидеда тIад роржунел хIанчIазда: жидер куркьби ритIинарун роржунел ва куркьби данде къанги роржунел. Гьел гьаваялда ккун рукIунаро цохIо Аллагьас гурони. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва бихьулев.**

**20. Нужее квербакъи гьабулел гIадамал щалха ругел гьев Аллагь гурев? Нагагь Аллагьас гIазаб гьабулеб бугони гьеб нахъе чIвазе кIолел кумекчагIи, яги аллагьзаби ругищ нужее? Гьел капурал гIадамал цIакъаб гуккиналъулъ ругел гIадамал руго.**

**2I. ТIадегIанав Аллагьас жиндир ризкъи ккун чIезабуни гьеб ризкъи нужее кьезе кIолев щив чиха вугев?** Щивниги чи гьечIо. **Гьел капурзаби жидерго къосиналъулъ ва чIухIиялъулъ тIерхьун руго.** Гьезда хIакъаб жо бихьулеб гьечIо ва ргIулебги гьечIо.

**22. Жиндир гьумер ракьалда цузе гьабун вилълъунев чийищ битIараб нухалда вукIунев, яги жив витIун вахъун чIун вилълъунев чийищ битIараб нухалда вукIунев?** Капурчи вуго беццав чиясда релълъун: жинда щибго нухги бихьуларев, жив гIодове къулун, гIодов ккун,тIаде вахъун жинда унеб рахъги лъаларого вугев чиясда релълъун. Муъминчи вуго жинда унеб нухги бихьулев, жив унеб бакIги жинда лъалев чи. Гьев кIиявго чи цоцада релълъун рукIинищха? рукIунаро.

**23. Дуца абе, МухIаммад, гьев БетIергьан Аллагь вуго нужеца жиндие лагълъи гьабизе тIадав хан, жинца нуж щибго жо гьечIеб бакIалдаса рижарав, цинги жинца нужее берги, гIинги, ракIги гьабурав.** Нуж бихьулеллъун, ргIулеллъун гьарурав, нужее жиндалъун жо лъалеб ва бичIчIулеб ракIги гьабурав. **Гьел кIудиял нигIматазе нужеца цIакъ дагь гурони щукру гьабулеб гьечIо.** Капурзабаца гьел нигIматазда щукру гьабизего гьабуларо.

**24. Жегиги дуца абе, МухIаммад, гьев Аллагь вуго нуж гьаб ракьалда тIад гIемерлъизе гьарурав, нужер** наслаби гIемер гьарун**. Ахираталда хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизеги гьев Аллагьасде руссинаризе руго.**

**25. Капурзабаца абулеб буго: «Щиб заманаялъ букIине бугеб гьеб ниже гIазаб гьабизе къотIи гьабураб Къиямасеб къо, нуж битIараб жо бицунел гIадамал ратании?» - абун.**

**26. Дуца абе, МухIаммад, гьеб Къиямасеб къо кида букIунебали тIадегIанав Аллагьасда лъала. Дун вуго нужее хIакъаб ва баянаб хIинкъи кьолев чи.**


**27. Гьеб жужахIалъул цIа ва Къиямасеб къоялъул гIазаб жидеда гIагардаго бихьараб мехалъ капурал гIадамазул гьурмал хисула:** гьезда тIаде пащманлъиялъул ва хIинкъиялъул асар бачIуна. **Гьездаги абула: «Гьале гьаб буго** доб дунялалда ругеб мехалъ **нужее къотIи гьабулеб букIараб гIазаб» - абун.**

**28. Дуца гьел мушриказда абе, МухIаммад, нужеца пикру гьабе ва нужеда лъалеб батани дидаги бице; дунги дида цадахъ ругел муъминзабиги Аллагьас гьалаг гьаруни, яги нижеда Аллагь гурхIани ва нижер гIумру халат гьабуни, нуж Аллагьасул гIазабалдаса хвасар гьарулев чи щивха вугев?**

Гьаб аяталъ бицунеб жоялъул хIасил буго: Маккаялъул мушрикал авараг холеванищ ва гьесул цIияб диналдаса жал хвасарлъулеланищ абун рукIана. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг хваниги капурзабазе гIазаб букIине букIин баян гьабулеб буго гьаб аяталъ.Аллагь цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун хьвадизе тIадаб буго кинавго инсанасда. Авараг вуго гьел гIадамал Исламияб диналде ахIулев Аллагьасул Расул. Гьев авараг хванин абун гьездаса Аллагь цо гьавизе ккейи тIаса унаро ва куфру-ширкалъул гIазаб жидее гьабиялдаса гьел хвасарлъуларо.

**29. Дуца абе, МухIаммад, гьев БетIергьан Аллагь жив цIакъ гурхIулев вуго, нижеца гьесда иманги лъун буго, нижеца тавакалги гьев Аллагьасда тIамун буго. Ахираталде щвараб мехалъ лъазе буго нужеда щив вукIарав жиб баянаб къосиналъулъ:** муъминзабигийищ рукIарал, яги нужищ рукIарал жал къосараллъун.

**30. Цогиги дуца абе, МухIаммад, нужеца пикру гьабе ва нуж ургъун бихье: гьаб нужеца гьекъолеб лъим ракьулъе жанибе тIерхьун ани, гьеб лъим нужее босун вачIунев чи щивха вукIине вугев абун.** *Цониги чи вукIунаро цIохIо ТIадегIанав Аллагь гурони.*




**Суратул Къалами 68.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда анцIила кIиго аят бугеб.

**I. Нун. Дун гьедулев вуго къаламалдалъун ва гьеб къаламалъ хъвараб жоялдалъунги.**

**2. Аллагьас дуе кьурал нигIматаздалъун мун жундуца ккурав чи гьечIо.**

**3. Дуе цIакъ кIудияб, жиб нахъаса къотIуларе ва тIасса унареб ажруги буго.**

**4. ХIакълъунго мун цIакъ кIудиял ва берцинал тIабигIатаздаги вуго.**

**5-6. Дагьаб хадуб Аллагьасул гIазаб капурзабазде рещтIараб мехалъ дуда бихьизе буго, МухIаммад, капурзабаздаги бихьизе буго, нужер кисинал ругеблъи жал жундуца ккурал.**

**7. Дур БетIергьан Аллагъ жинда лъалев вуго, щив вугев жиндир диналдаса къосарав. Гьединго Аллагъасда лъала жал хIакъаб диналда тIоритIараллъун ругел гIадамалги.**

**8. Мун гьел къурайшазул ханзабазе мутIигIлъуге! Жидеца мун гьереси гьавулел ва** жидер умумузул дин гьабиялде жидеца мун ахIулел.

**9. Гьезие бокьун буго мун тамах гьавизе ва дуца гьезие бокьулареб жо тезе:** хъанчазе лагъэлъи гьабуге абураб ргIи дуца абичIого букIине бокьун буго гьезие. **Цинги гьелги дудехун тамахго рукIине руго.**


**I0.I1.I2. Мун мукIурлъуге МухIаммад, жинца гIемерал гьаял гьедулев, жив хIакъирав чиясе,жинца гъибатги гьабулев,гIадамазда гьаркьор мацIал гьарун жив хьвадулев, жинца закатги, садакъаги кьоларев, жиндир зулму кIудияв, жиндир мунагьал гIемерав чиясе.**

**I3. Жиндир ракI согIав, гIакъло дагьав. Гьал гIемерал къадарал сипатал жиндие рукIингун цадахъ жив зинадал лъимерлъунги вугев.**

**I4. Гьев боцIиги лъималги гIемерав вугин абун мун гьесие мутIигIлъуге, МухIаммад.**

**I5. Аллагьас жиндие кьурал нигIматазде данде щукру гьабичIого, жиндие Аллагьасул Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ гьес абулеб буго: «Гьел руго цереселго гIадамаз ургъарал ва гьез рицунел рукIарал гьересиял харбал» - абун.**

**I6. Дагьаб хадуб дица гьесул мегIералда гIужги гьабизе буго.** Жив хвезегIан гьесдаса тIаса унареб ва гьев гьелдалъун ватIа гьавизе лъалеб. Гьеб гIуж гьесда гьабуна Бадроялда рагъ бугеб мехалъ гьесул мегIералда хвалченги щун.




**I7. Дица гьаб Маккаялъул агьлуялъулги хIалбихьи гьабуна** гьезда тIаде ракъи биччан. **Цо ахалъул бетIергьабазул хIалбихьи гьабураб гIадин, гьел гIадамаз гьа гьедун къотIи гьабураб мехалъ жидеца ахикьа пихъ бакIарила абун радал хехго ун, пакъирзабазда жал рихьулареб гIужалъ.**

**I8. Гьеб къотIи гьабулеб мехалъ гьезда «Иншааллагъ» абизе ракIалде щвечIо.**

**I9. Цинги гьеб ахалде тIаде Аллагьасул балагъ бачIана гьел гIадамалги кьижун рукIадго.** Аллагьас зодиса цIа рещтIинабун бухIана гьеб ах.

**20. Цинги гьеб ахги лъугьана чIегIераб рохъо гIадин.** Щибго жо нахъе хутIитчIого бухIана гьеб ах.

**2I. Рогьалилъ тIадеги рахъун гьел гIадамал цоцаде ахIдана:**

**22. «Нужер ахикьа пихъ бакIаризе рахъа нужеца гьеб бакIаризе батани!» - абун.**

**23-24-25. Цинги гьел балъгого ахикье ана жидеда тIаде мискинзаби рачIинчIого рукIине ва гьезие пихъ кьезе кколареб хIалалъ. Гьезда ракIалдаги букIана жиде бокьараб жо лъугьинин абун**

**26-27. Цинги жидеда гьеб бухIараб ах бихьараб мехалъ гьез абуна: «нилъ нух къосун ккун руго»- абун.** Цингиги лъикIго пикру гьабидал ва гьеб бакI жидер ах букIараб бакI букIин лъадал гьез абуна: **«Нилъ гьеб ахалъул хайиралдаса махIрум гьарун руго!» - абун.**

**28. Гьезул гьоркьохъес абуна:** (жиндир гIакълуги бугев, иманги бугев) «**Дица нужеда абулеб букIана гурищ нужеца Аллагьасул нигIматал рехсон гьесие тасбихI гьабе» - абун.**

**29. Цинги гьез абуна: «Нижеца мун вацIцIад гьавула нижер БетIергьан! Ниж рукIана нижерго напсазе зулму гьабулеллъун»-абун.**

**30. Цинги гьел цо-цояз цогидазда гIайиб чIвазеги лъугьана.** Сабру тIагIун, жидеца гьабулеб жо лъаларого хутIана гьел. Хадур гьел Аллагьасде руссана.

**3I. Гьез абуна: «Вай ниже бугеб къварилъи! Ниж рукIун ругоха цIакъ къосарал гIадамал!** Нижеца пакъирзабазе гьезул хIакъ кьечIолъи, Аллагьасе щукру гьабунгутIи кIудияб мунагь букIун бугоха нижеца гьабулеб».

**32. Нижер Аллагьасда божилъи буго гьес нижее гьелдасаги лъикIаб ах кьела абун. Ниж нижер БетIергьанасда хьул лъолел руго гьес нижер тавбу къабул гьабилин абун ва гьев нижеда тIаса лъугьинин абун».**

**33. Гьадинаб гIазаб гьабизе бегьула Маккаялъул агьлуялъеги,** гьез иман лъечIони. **БичасхIаги ахираталъул гIазаб цIакъго кIудияб ва гучаб буго. Гьал Маккаялъул мушрикал жидеда жо лъалел ва жидер гIакълу бугел ратании,** гьезда гьаб амру кин бичIчIунареб?

**34. Аллагьасдаса хIинкъарал муъминзабазе гьесда аскIор нигIматазул алжанал руго.**

**35. Дица муъминзаби гьарилищха купру-ширкалъул агьлуялда релъун?**

**36. Нужеда гьединаб хIукму гьабизе кин кIолеб?**

**37. Нужехъ тIехьищ бугеб гьединаб хIукму тIад хъвараб ва нужеца жиб цIалулеб?**

**38. Гьеб тIехьалда нужее бокьараб щинаб жо хъванищ бугеб?**

**39. Яги нужее дица гьабураб щулияб къотIийищ бугеб жиб къиямасеб къо щвезегIан хисулареб: « Нужее букIине буго абун нужее бокьараб жо?»**

ГьечIо гьединаб къотIи. Гьел мушрикал жидер кинабго гIамалалъулъ батIулаб иш гьабулел гIадамал руго; гьез гьабулеб хIукмуги мекъаб буго,гьез бицунеб рагIиги гьересияб буго.

**40. Дуца гьезда гьикъе МухIаммад: гьеб жидеца бицунеб хабаралъе гъоркье чIарав чи щив вугев абун гьеб къотIи гьезие тIубазе гьабулев!** ГьечIо гьезие къотIи тIубазе гьабизе гъоркье чIолев чи.

**4I. Яги гьезул гIахьалчагIийищ ругел** гьезие квербакъи гьабулел? **жидее квербакъи гьабулел хъанчал ва алагьзаби ратании, гьелги рачун рачIа абе гьел мушриказда, гьел битIараб жо бицунел ратании.**

**42. Дуца къавмалъе рехсе МухIаммад,** жиндир хIинкъи ва къварилъи цIикIараб къиямасеб къоялъул хабар: **БетIергьан Аллагьас жиндир гIазаб загьир гьабалеб ва капурзаби ахIулеб жидер бетIергьанасе сужда гьабеян абун, амма гьезда сужда гьабизе кIоларо.**

Жинда Алллагь разилъаяв ИбнугIаббасица абуна*: махIу (голень) загьир гьабулеб* абураб рагIиялъул хIакъикъияб магIна гьечIо. Гьеб рагIиялдаса мурад буго къиямасеб къоялъул къварилъи, захIмалъи гучаб букIин бан гьаби.

**43. Гьеб къоялъ капурзаби рукIуна цIакъ жал хIинкъун, жидер берал Аллагьасе хIелун, гьел гIодорегIанлъиялъулъ тIерхьунги рукIуна. Гьел дунялалда сах-саламат ругеб мехалъ Аллагьасе сужда гьабиялде ахIун рукIана.** Аварагзабиги ритIун, тIахьалги рещтIине гьарун, гьел ахIун рукIана жидер бетIергьан Аллагьасе гIибадат гьабиялде. Гьез чIухIи гьабун букIана, гьезда ахират букIинаро абунги ккун букIана. Гьанже ахираталда сужда гьабизе бокьун бугониги гьезда гьеб сужда гьабизе кIоларо.

**44. Дуца дунги, гьаб дир Къуръан гьереси гьабулел капурзабиги те МухIаммад! Дица гьел жидедаго лъачIого дир нигIматаздалъун гуккун купру-ширкалъулъ халат гьарила.**

Капурзабазде ракIалде ккола жидее кьурал нагIматал, сахлъи ва агьлу хъизан жал Аллагьасе рокьиялъ кьураб буго абун. Аллагьас гьезие нигIматал кьола гьез мунагьал гьарунщинахъе. Гьез щукру гьабуларо, мунагьал толаро ва гьеб сабаблъун гьезие ахираталда гIазабги цIикIкIуна.

**45. Дица гьезул гIумруги халат гьабула гьезул мунагьал жегиги гIемерлъизе. Гьединаб макру буго дир капурзабазе гьабулеб. Дир гьездаса ццим босиги цIакъ гучаб букIуна.**

**46. Дуца гьездаса ажру-мухь тIалаб гьабулебищ бугеб, МухIаммад,** гьезухъе хIакъаб Исламияб дин щвезе гьабун гьел Аллагь цо гьавиялде ахIиялде данде, **цинги гьел гьеб мухь кьезе кIоларого иман лъечIого чIезе?**

**47. Яги гьезда аскIоб ЛавхIулмахIпузищ бугеб жидеца гьенисан балъгояб жо хъвалеб?** Жидеде гьеб ЛавхIулмахIпузалда хъван батун лъалебищ бугеб жал муъминзабаздаса лъикIал рукIин?


**48. Дуца Аллагьасул хIукму-къадаралда сабру гьабе, МухIаммад!** Гьел мушриказ дуе гьабулеб къварилъи бачче ва дуда тIадкъараб рисалат тIубазе гьабе. **Мун ччугIил чохьониве ккарав Юнус аварагасда релълъун вукIунге, жив цIакъ пащманлъун ва ракIкъварилъун Аллагьасде ахIарав.** Жиндир къавмалда ццим бахъун гьезда гьоркьоса нахъе арав, цинги Аллагьас ччугIил чохьониве ккезе гьавурав, цинги жив Аллагьасдеги гьардарав.

**49. Гьев Юнус аварагасда Аллагьасул гурхIел нахърегIун букIинчIебани гьев ралъдалъан къватIиве бакъвараб авлахъалде рехизе вукIана ва жив какарав, жинда гIайиб чIваравлъунги вукIине вукIана.** Аллагьас гьесда гурхIел гьабуна, гьесда тавбу гьаби ракIалде рехана ва жинца гьесул тавбу къабулги гьабуна.

**50. Аллагьас гьев Юнус тIаса вищана ва гьев лъикIал гIадамаздасаги гьавуна.**

**5I. Гьел капурзабазе дуда бер ккезабун,** гьел бераздалъун мун хвезавине бокьунги руго, **жидеда гьаб Къуръан цIалулеб рагIараб мехалъ ва гьез абулеб буго гьав МухIаммад жундуца ккурав чи вугин абун.**

**52. Гьаб хирияб Къуръан кинабго халкъалъе вагIзалъун буго.**


الجزء التاسع والعشرون — سورة القلم

خَٰشِعَةً أَبۡصَٰرُهُمۡ تَرۡهَقُهُمۡ ذِلَّةٞۖ وَقَدۡ كَانُواْ يُدۡعَوۡنَ إِلَى ٱلسُّجُودِ وَهُمۡ
سَٰلِمُونَ ﴿٤٣﴾ فَذَرۡنِي وَمَن يُكَذِّبُ بِهَٰذَا ٱلۡحَدِيثِۖ سَنَسۡتَدۡرِجُهُم
مِّنۡ حَيۡثُ لَا يَعۡلَمُونَ ﴿٤٤﴾ وَأُمۡلِي لَهُمۡۚ إِنَّ كَيۡدِي مَتِينٌ ﴿٤٥﴾ أَمۡ تَسۡـَٔلُهُمۡ
أَجۡرٗا فَهُم مِّن مَّغۡرَمٖ مُّثۡقَلُونَ ﴿٤٦﴾ أَمۡ عِندَهُمُ ٱلۡغَيۡبُ فَهُمۡ يَكۡتُبُونَ
﴿٤٧﴾ فَٱصۡبِرۡ لِحُكۡمِ رَبِّكَ وَلَا تَكُن كَصَاحِبِ ٱلۡحُوتِ إِذۡ نَادَىٰ
وَهُوَ مَكۡظُومٞ ﴿٤٨﴾ لَّوۡلَآ أَن تَدَٰرَكَهُۥ نِعۡمَةٞ مِّن رَّبِّهِۦ لَنُبِذَ بِٱلۡعَرَآءِ
وَهُوَ مَذۡمُومٞ ﴿٤٩﴾ فَٱجۡتَبَٰهُ رَبُّهُۥ فَجَعَلَهُۥ مِنَ ٱلصَّٰلِحِينَ
﴿٥٠﴾ وَإِن يَكَادُ ٱلَّذِينَ كَفَرُواْ لَيُزۡلِقُونَكَ بِأَبۡصَٰرِهِمۡ لَمَّا سَمِعُواْ
ٱلذِّكۡرَ وَيَقُولُونَ إِنَّهُۥ لَمَجۡنُونٞ ﴿٥١﴾ وَمَا هُوَ إِلَّا ذِكۡرٞ لِّلۡعَٰلَمِينَ ﴿٥٢﴾

سُورَةُ الحَاقَّةِ

بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

ٱلۡحَآقَّةُ ﴿١﴾ مَا ٱلۡحَآقَّةُ ﴿٢﴾ وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا ٱلۡحَآقَّةُ ﴿٣﴾ كَذَّبَتۡ ثَمُودُ وَعَادُۢ
بِٱلۡقَارِعَةِ ﴿٤﴾ فَأَمَّا ثَمُودُ فَأُهۡلِكُواْ بِٱلطَّاغِيَةِ ﴿٥﴾ وَأَمَّا عَادٞ فَأُهۡلِكُواْ بِرِيحٖ
صَرۡصَرٍ عَاتِيَةٖ ﴿٦﴾ سَخَّرَهَا عَلَيۡهِمۡ سَبۡعَ لَيَالٖ وَثَمَٰنِيَةَ أَيَّامٍ حُسُومٗاۖ فَتَرَى
ٱلۡقَوۡمَ فِيهَا صَرۡعَىٰ كَأَنَّهُمۡ أَعۡجَازُ نَخۡلٍ خَاوِيَةٖ ﴿٧﴾ فَهَلۡ تَرَىٰ لَهُم مِّنۢ بَاقِيَةٖ ﴿٨﴾

٥٦٦

**Суратул ХIакъати 69.** Къиямасеб къоялъул бицунеб сурат.

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда анцIила кIиго аят бугеб.

**I. 2. 3. Къиямасеб къо жиб букIин хIакъаб буго. Щибха бугеб гьеб Къиямасеб къо? Дуда щибха лъалеб, МухIаммад, гьеб щиб къо бугеб?** Дуда гьеб жегиги бихьун гьечIелъул, гьелъул гакъуба-гIазабги жиндие сипат гьабизе кIоларе6 бугелъул.

**4. Самудиязги ГIадил къавмалъги гьереси гьабуна жинца ракIал рихъинарулеб Къиямасеб къо.**

**5. СвалихI аварагасул къавм самудиял гьалаг гьаруна гучаб гьаракьалъул гIазабалдалъун.**

**6. Гьуд аварагасул къавм гIадилал гьалаг гьаруна жиб свер-сверун пулеб гучаб гьуриялъул гIазабалдалъун. Жиб гIорхъолъан борчIараб, жинда данде чIезе щибго жоялда кIоларе6.**

**7. ГIадилазде тIаде гьеб гьури пуна анкьго сордоялъги микьго къоялъги тIатIалаго, жиб гьоркьоса къотIичIого. Дуда гьеб къавмги бихьилаан, я гьав инсан, жидерго бакIазда хун гIодор ккараллъун. Кьолболъан рахъун рехарал чамастакил гъутIбузда релълъун,** жал жаниса гьодорал жидер бутIрул тIаса ратIалъун ругел.

**8. Дуда гьал къавмазул нахъе хутIарав чиго вихьулищха, я гьав инсан!**

**9. ПиргIавнил къавмги, гьесдасан цере рукIарал къавмалги, росаби кIалагъоркье сверинарурал ЛутIил къавмги жидеца куфру ва гIасилъи гьабулел къавмал рукIана.**

**I0. Гьел жидеде витIарав аварагасдеги гIасилъана. Цинги дица гьел къавмал гучаб ва жиб цIикIараб гIазабалдалъун ккуна.**

**II. ТIупан тIун лъин гIемерлъидал** ва гьеб кинабго жоялда тIад бахиндал Дица нужер умумул, НухIил агьлу, **гамида тIад рекIинарун хвасар гьаруна.**

**I2. Гьеб амру дица гьабуна нужеца гьелдаса вагIза босине ва гьеб вагIза жинца жаниб жо цIунулеб гIиналъ жаниб цIунун хадуб цогидаздаги бицине.**

**I3. Гьаб дунял пасалъизе Аллагьасул амруялдалъун Исрапил малаикас цохIо нухалъ суралъубе пураб мехалъ.**

**I4. Цинги мугIрулги ракьги тIаде борхун цоцалъ кьабун цохIо майданлъун гьабун битIинабураб мехалъ.**

**I5. Гьеб къо буго жиндилъ Къиямасеб къо чIолеб къо.**

**I6. Зобалги рихъун, хъвалхьун уна,гьелги цIакъ загIипаллъун лъугьуна.**


**I7. Гьеб къоялъ малаикзабиги зобалазул рагIаллъабазда чIун рукIуна.** Аллагьасул тIадегIанлъи ва къудрат бихьун, гьесдаса хIинкъун. **Гьеб къоялъ Аллагьасул ГIарщ жидеца тIаде борхун баччун бугев микьго малаик вукIуна.**

**I8. Гьеб къоялъ хIисаб-мизан гьабизе нуж ццере чIезарула** кинабго ханлъи ва кIодолъи жиндие бугев тIадегIанав Аллагьасда. **Нужер цонигияв гьеб къоялъ балъго хутIунаро.**

**I9. Жиндир гIамал хъвараб кагъат кваранисан кьурав чияс цIакъ воххун абула: «Гьая, рачIа гьаб кагъат цIализе!**

**20. Дида якъинго лъалеб букIана дица гьаб хIисаб-мизан гьабиялде дандечIвай гьабине букIин** ва дица гьелда рекъараб гIамалги гьабун букIана» **- абун.**

**2I. Гьев муъминчи жинда разияб, жиб тIаса унареб чIаголъиялда вукIуна.**




**22. ТIадегIанал алжаназулъ вукIуна.**

**23. Гьел алжаназул пихъалги гьесда гIагардаго рукIуна.**

**24. Муъминзабазде абула: «Нужеца гьал тIагIамал нигIматал кванай, лазатал гьекъолел жалги гьекъе! Гьеб нужее Аллагьасул рахъалъан бугеб цIоб-рахIмат буго, нужеца дунялалда ругеб мехалъ гьарурал лъикIал гIамалазде данде» - абун.**

**25. Жиндир гIамал хвъараб кагъат квегIаб рахъалъан кьурав чияс гьеб къоялъ абула: «Вай аман, гьаб кагъат дихъе кьунго букIинчIебанищ!**

**26. Гьаб хIисаб-мизан щиб бугебги, гьалъул захIмалъиги дида лъанго букIинчIебанищ!**

**27. Вай аман, дир дунялалда букIараб хвел ахираб букIарабани,** жинда хадуб гьаб тIаде рахъине гьари ва хIисаб-мизан гьечIеб.

**28. Дие щибго кумек гьабулеб гьечIо дица данде гьабун букIараб боцIи-малалъ.**

**29. Дидасан кинабго ханлъиги тIаса ун буго» - абун.**

**30. 3I.** Аллагьас малаикзабазда амру гьабула: **«Нужеца гьев чи ккве ва гьесда гудрал, рахсалги рай. Цинги гьев жужахIалде жанивеги рехе!**

**32. Цинги нужеца гьесул нахъияб рахъалдаса жаниб хун кIалдиса къватIибе бахъе лъабкъоялда анцIго натI халалъи бугеб рахас.**

**33.** Гьаб гучаб гIазаб гьесие буго: **гьес тIадегIанав Аллагьасда иман лъун букIинчIо.**

**34. Гьес жиндирго напс гьесинабулеб букIинчIо мискин-пакъирав чиясе тIагIам кьеялде, гьеб тIагIам кье абун цогдаздаги абулеб букIинчIо.**

**35. Жакъа гьесие гьеб жужахIалда жанив гьудул-гьалмагъ гьечIо.**

==========

Жинда Аллагь разилъаяв Абумусадаса хIадис бицана: Расулуллагьас ﷺ абуна: ***«Муъминчи муъминчиясе цоялъ-цояб щула гьабулеб минаялда релълъун вуго»-абун. Гьеб рагIиги абун аварагас ﷺ, жиндир кверазул килшал цо-цалъе хурхизаруна.*** Ай гьале гьадин абураб магIна.

ХIадис Бухарияс ва Муслимица (ра) бицана.

**36. ЖужахIалъул агьлуялъул хьверд-рецIцI гуреб жиндие цоги тIагIамги гьечIо.**

**37. Гьеб махIцараб, инжитаб тIагIам кваналаро жидеца мунагьал гьарурал, жидее жужахI хIакълъараб агьлуялъ гурони.**

**38. 39. ТIадегIанав Аллагь гьедулев вуго кинабниги жиб бихьунеб ва жиб бихьунареб жоялдалъунги.**

**40. Гьаб хирияб Къуръан Аллагьасе хирияв расулас цIалулеб калам бугин абун.**

**4I. Гьаб Къуръан шигIру гьечIо ва шагIирас цIалулебги гьечIо. Гьеб Къуръаналда иман лъолев чи нужер цIакъ дагьав гурони гьечIо.**

**42. Жинда балъгояб жо лъалаян абун жидеца гьереси бицунел кагьанатазул рагIиги гьечIо гьаб Къуръан. Гьелъул вагIза босулел гIадамалги цIакъ дагь гурни гьечIо.**

**43. Кинабго гIаламалъул БетIергьанас рещтIинабураб буго гьеб Къуръан.**

**44. Гьаб Къуръаналда жаниб МухIаммадица жиндирго рахъалъан щибго жо бицун букIарабани ва гьеб дир калам бугоян абун букIарабани,**


**45. Дица гьев дир къуватаб рецIел босиялдалъун кквелаан,**

**46. Цинги дица гьесул рекIел бидурихьалги къотIун рехилаан.**

**47. Гьеб жо дица дир аварагсе гьабулеб мехалъ гьев дир ццим босиялдаса цIунизе кIолев цониги чиги гьечIо нужеда гьоркьов.**

**48. Гьаб Къуръан буго Аллагьасдаса хIинкъулел гIадамазе вагIзалъун жиб бугеб.**

**49. БичасхIаги дида лъала нужеда гьоркьоб гьеб Къуръан жидеца гьереси гьабулел гIадамал рукIин.**




**50. Гьаб Къуръан Къиямасеб къоялъ капурзаби цIакъ хIасрат гьарулеб ва пащман гьарулеб жоги буго.** Гьелда иман лъурал муъминзабазе бугеб даража-макъам бихьараб мехалъ капурзабазул цIакъ ракI бакъвала ва гьел пащманлъула.

**5I. Жиб хIакъаб,** жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб, Аллагьасул калам жиб букIин **якъинаб жоги буго гьаб Къуръан.**

**52. Дуца жив кIудияв ва тадегIанав БетIергьан Аллагь вацIад гьаве гьесда рекъоларебщинаб жоялдаса.** Ва гьесул кIудиял нигIматазде данде гьесие щукруги гьабе.

**Сурату МагIариж 70.** ТIаде рахунел бакIазул бицунеб сурат.

**I. 2.** Маккаялъул мушриказдаса **цо гьарулев чияс гьарана жиб капурзабазда рещтIинчIого чIолареб, жиб рещтIараб мехалъ гьеб нахъе чIвазе кIолев щивго чи гьечIеб гIазаб рещтIинабеян абун.**

ГIалимзабаца абуна: Гьев жинца гIазаб рещтIине гьаби гьарарав чи вуго Анназар бинул ХIарис, къурайшиязул ханзабаздаса ва гьезул бищунго къосарал гIадамаздасан жив вугев. Аллагьасул свалат салам лъеяв авьарагас гьесие хIинкъи кьураб мехалъ мун Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа абун, гьев чияс хирияв авараг махсароде гьавун абуна: «Я дир Аллагь, гьав МухIаммадица бицунеб жо дудаса жиб бугеб батани, дуца нижеде тIаде зодиса ганчIазул цIад базе гьабе, яги нижее цоги жинца унтизе гьабулеб гIазаб гьабе!» - абун. Гьев чи Аллагьас Бадруялъул рагъулъ квешаб хвелалдалъун хвезе гьавуна ва гьав какун Къуръаналда аятги рещтIине гьабуна. ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**3. Гьеб гIазаб рещтIинаби зобалазда ругел нухазул БетIергьан Аллагьасдаса буго.**

**4. Гьел нухалги руго жидедаса тIаде Аллагьасде гIагарде малаикзаби рахунел, Жабраил малаикги вахунеб. КIикъоялда анцIазарго сонгIан жиб халатаб** Къиямасеб къоялъ рещтIине буго гьеб гIазаб.

**5. Дуца сабру гьабе, МухIаммад, берцинаб сабру гьабиялъ!**

**6. 7. Гьел капурзабазда жидеде рещтIунеб гIазаб цIакъ рикIкIадаб жолъун бихьунеб буго,** гьел гьеб гIазаб рещтIиналде божулел гьечIелъул. **Дида гьеб цIакъ гIагарда бугеб жолъун бихьунеб буго.** Гьеб гIазаб бугелъул жиб букIин хIакъаб.

**8. Гьеб Къиямасеб къо буго зобал рукIунеб биараб тIохьи гIадин,** яги бухIараб нахул гъоркь хутIараб жо гIадин: жал тамахлъун цо бакIалда чIоларого.

**9. Самараб квас гIадин мугIрулги рукIунеб.**

**I0. Цониги гьудулас жиндир гьудуласул хIалги цIехолареб.**

**II. Жидеда гьел гьудулзаби ва гIагарал чагIи рихьулелги рукIуна.** Гьедин бугониги гьел цоцазе кумек гьабизе лъугьунаро, гьез цоцадаса лъутине ва рахчIине яхI бахъула. **Гьеб къоялъ капурчиясда ракIалде кола дирго васалги кьун дун гьаб гIазабалдаса ворчIуневани абун.**

**I2. Жиндир чIужу ва вац кьун,**


**I3. Жиндие кумек гьабулел рукIарал жиндир киналго гIагарал гIадамал кьунги,**

**I4. Гьаб кинабго дунялги** цогиги гьедигIанаб тIадеги бугониги **гьеб кинабго жиндир напс жужахIалъул гIазабалдаса хвасар гьабизе кьезе хIадурун вукIуна капурчи гьеб къоялъ.**

**I5. Кисанха гьесие хвасарлъи букIунеб? ЦIакъ лагь-лагьунеб жужахIалъул цIа буго гьесие бугеб гIазаб.**

**I6. Жинца бетIералъул ва гьумералъул тIомги гьанги бахъунеб буго гьеб гIазаб.**

**I7. Гьеб жагьаннама хадуб лъугьуна жидеца Аллагьасда инкар ккурал, гьесул расулал гьереси гьарурал гIадамазда.**




**I8. Жинца гIемераб боцIи-мал бакIарарав, цинги гьеб бахчун, гьелдаса закат-сахI кьечIев чиясда хадубги лъугьуна.**

**I9. ХIакълъунго инсан вижун вуго жив хехавлъун, сабру дагьавлъун.**

**20. Жинда дагьабго къварилъи хъатIаниги жив чIвачIвадулев.**

**2I. Жиндие лъикIлъи щвараб мехалъ гьеб цохIо жиндиего кквезе лъугьунев.**

**22. Жидеца как балел гIадамал гьечIо гьел какарал сипатал жидер ругел.**

**23. Жидеца рукугI-сужда камил гьабун щибаб гIужда паризаяб как баялда тIад чIарал.**

**24. 25. Жидер боцIи-малалъулъ пакъирасе ва жинда гьарарасе кьолеб хасаб бутIа бугев, паризаяб закат жинца кьолев ва суннатаб садакъаги кьолев.**

**26. Жидеца Къиямасеб къо букIине букIинги ритIухъ гьабулел.**

**27. Жидер БетIергьан Аллагьасул гIазаб жидеде щвеялдаса жал хIинкъунги рукIунел.**

**28. Гьеб Аллагьасул гIазаб буго жиб щвеларо абун жинда божи гьечIеб.**

**29. Жидеца жидер гIавратги цIунулел хIарамаб хIалалъ хIалтIинабиялдаса.**

**30. Жидерго руччабазда ва гъарабашазда аскIоре лъугьун гурони, цоги хIарамаб хурхен гьабуларел. Гьал гIадамал руго Аллагьас жидеда гIайиб чIваларел.**

**3I. Жиндир шагьват тIубазе жидер руччаби ва гъарабашал гуреб цоги жо цIехарал гIадамал руго Аллагьасул гIорхъаби жидеца хвезарурал.**

**32. Жидеца тIад къараб аманат тIубалел, жидеца гьарурал къотIабиги тIуразарулел.**

**33. Жидеца гьабизе тIаде босараб нугIлъиги битIун гьабулел.** Жидеца гьеб нугIлъи бахчуларел ва щивго чи ватIа гьавичIого Аллагьасе гIоло битIараб хIалалъ нугIлъигьабулел.

**34. Жидеца балеб паризаяб как арканал, шурутIал тIуран, Аллагьасе хIелун баялда жидеца тIадчIей гьабулел.**

**35. Гьал гIадамал руго жал хира гьаруралълъун алжаназда жанир рукIунел.**

**36. Гьел капурзабазе бугеб жого щиб, я МухIаммад, цIакъ гIедегIун жал дуда сверун ракIаризе ккани ва жидеца гарбал рорхун бераз мун цIехон рукIине ккани?**

**37. Дудаса квараниса ва квегIиса къокъа-къокъаби гьарун жал гIодор чIун мун сверун кквезе ккани?**

**38. Гьезул щивав цоясул хьулищ лъун бугеб живги алжаналда лъугьинавилин абун?**


**39. Гьедин гьечIо амру!** Кидаго лъугьинаруларо капурал гIадамал алжаназда жанире! **Дица гьел гIадамал рижун руго жидеда лъалел хIакъирал, загIипал жалаздаса:** цин манидал къатIра букIун, цинги бидул горо букIун, хадуб гьанал къотIел букIун. Гьединаб загIипаб, жинда ракIкъалеб жоялдаса вижарав, цинги кIващ бачIунеб бакIалдаса къатIивеги вачIарав инсан сундасан чIухIун вукIунев?

**40. 4I. Дун гьедулев вуго бакъбаккулел ва бакъ тIерхьунел рахъазул БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун, дир цIакъ хIалкIола абун гьал мушрикалги гьалаг гьарун гьезул бакIалда гьездаса лъикIаб къавм бижине. Дун гьеб иш гьабизе лъицаго гIажизги гьавуларо, гьелдаса щибго жоялъ нахъеги чIваларо.**

**42. Дуца гьеб капураб къавм те, МухIаммад, жидерго батIулаб диналда жанир ругеллъун, дунялалъул чIаголъиялдаса кеп босулеллъунги. Жал гьалаг гьаризе къотIи гьабураб заман тIаде щвезегIан.**

**43. Гьеб къо буго жал хобаздаса къватIире рахъун рачIунеб: цIакъ гIедегIун, дунялалда жал жидерго хъанчал эхетизарураб бакIалда гьезие лагъалъи гьабизе унел ругел гIадин.**

**44. Жидер берал цIакъ хIелун ва хIинкъун унел рукIуна гьел, жидеда тIад кутакаб къварилъи ва хIакъирлъиялъул мугьру чIван бугебгIадинги рукIуна. Гьеб къо буго гьел дунялалда ругеб мехалъ жиб бачIине букIиналдалъун гьезие хIинкъи кьолеб букIараб Къиямасеб къо.**




**Сурату НухI 7I.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, Жинда жаниб къоло микьго аят бугеб.

**I. ХIакълъунго дица НухI авараг витIана жиндир къавмалде ва дица гьесда амруги гьабуна дуца дур къавмалъе хIинкъи кье абун гьезда тIаде гIазаб щвеледе цебе.** Жидеца иман лъечIони ва дур дагIваталъе жаваб гьабичIони дунялалъул рукъоб жидее гьабулеб гIазаб буго гьеб. Ахираталда гьезие жужахIалъул гIазаб букIунеблъиги жиб хIакъаб, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб амру буго.

Гьев НухI авараг гIарабиязул бащдаб чIинкIиллъиялда (полуостров) бугеб халкъалде витIарав авараг вукIанин абуна цо гIалимзабаца. Цогидаз абуна гьев Купат шагьар бугеб ракьалда жив вукIарав ва гьениб букIараб халкъалде витIарав авараг вукIана абун.

**2. Гьев НухI аварагас абуна: «Я дир къавм! Дун вуго баянаб, хIакъаб гIазабалдалъун нужее хIинкъи кьолев Аллагьасул Расул».**

Гьев НухI аварагасда аварагзабазул шайх абула, гьев гIумру халатав вукIиналъе гIоло ва шаригIат босун ритIарал аварагзабазул тIоцевесев вукIиналъе гIологи, «Улул гIазми» жидеда абулел къадру кIудиял, жидер шаригIат загьирал щуго аварагасул авалавги вуго гьав НухI авараг. Гьав щуго аварагги: НухI, Ибрагьим, Мусса, ГIиса, МухIаммад руго. Жидеда Аллагьасул свалат салам лъеял.

**3. Нужеца лагъалъи гьабе цохIо Аллагьасе, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хIарамал жалги те. Нуж диеги мутIигIлъе** дица нужеде гьабулеб амру-нагьюялъулъ.

**4. Гьедин нуж хьвадани Аллагьас нужер церехун гьарурал мунагьал чурила ва нужее цIараб заман щвезегIан гIазабалдалъун къварилъи гьабичIого тела. Аллагьас нужее бихьизе гьабураб заман лъугьун хвел тIаде бачIизе мех щведалго гьеб хвел нахъе бахъун толаро. Нужеда гьаб амру бичIчIунеб ва лъалеб батани нуж дида мутIигIлъе ва нужеца Аллагьасе гIибадат бацIцIадго гьабе!**

**5. Гьеб къавмалъ иман лъечIеб мехалъ НухI аварагас Аллагьасдехун хитIаб гьабун абуна: «Я дир Бетергьан! Дица гьаб дир къавм релъедалги къадги чIечIого Исламияб диналде ахIана.**


**6. Гьеб дир ахIиялъ гьезул иман цIикIкIине гьабичIо, гьезул дидаса лъути ва рикIкIалъи цIикIкIана.**

**7. Дица гьел ахIанщинахъе дуца жидер мунагьал чурулеб жоялде:** мун цо гьавун, куфру-ширкалда тавбу гьабун жидеца дуе гIибадат гьабиялде, **гьез жидер килщал гIундузда жанир къазе гьаруна дица бицунеб жо жидеда ргIинчIого букIине. Жидеца бетIералде тIаде ретIелги бачун бутIрулги рахчана, гьурмалги рахчана жидеда дун вихьичIого вукIине! Гьедин гьел жидер куфру-ширкалда тIад чIана ва Аллагьасда иман лъун дида нахърилъъинеги чIухIана».**

**8. Цингиги дица гьезие дагIват гьабуна загьирго, гьаракь борхизе гьабун, гIадамазда гьоркьове ун, гьезул заралалдаса хIинкъичIого.**

**9. Хадубги балъго гьабунги гьабуна дагIват, тIатине гьабунги гьабуна.** Цо-цо чи вугеб бакIалда гьабун, щивав чиясул рукъове ун гьабун, киналго нухал ва къагIидаби хIалтIизе гьаруна Аллагъас жинда тIад къараб рисалат гьеб къавмалъухъе щвезе гьаби мурадалда.

**I0. Дица гьеб къавмалда абуна: «Нужеца нужер БетIергьан Аллагъасдаса мунагьал рахчи тIалаб гьабе, гьев Аллагь цIакъ жинца мунагьал чурулев вуго.**




**II. Жинца нужее зодисан гIемераб, жиндилъ баракат бугеб цIад рещтIинабулевги вуго.**

**I2. Жинца нужее лъимал-хъизан кьун, боцIи-мал кьун лъикIлъи гьабулев, нужее ахал-хурзал, лъарал-гIорал гьарулевги вуго гьев Аллагь.** Гьав БетIергьан Аллагьасе гьабичIого гIибадат цоги жоялъе кин нужеца гьабулеб: Кинабго жо жинца бижунев, Гьелъие ризкъи кьолев БетIергьанги живго тун, нужерго квераз гьарурал хъанчал аллагьазабилъун кин колел?

**I3. Нуж кин хIинкъулареб, я гьаб къавм, гьав БетIергьан Аллагьасдаса ва нужеца гьесие букIине кколеб къадру-къиматги кин гьабулареб?**

**I4. Гьав Аллагьас нужги рижун ругелъул чанго батIияб сипат ва къадар нужее букIине гьабун бугеб хIалалъ.**

**I5. Нуж балагьуларищ ва нужеца пикру гьабуларищ тIадегIанав Аллагьас гьал анкьалго зобал киндай рижун ругоян абун, цоялда тIад цояб гьабун.**

**I6. Гьел зобалазулъ Аллагьас моцIги гьабун буго сардилъ жинца нур базе гьабулеблъун.** Бакъул кунчIи ва гвангъи нахъе бекизе гьабун, гьеб ракьалда тIад ругел чагIазе нурлъун бихьулеблъун гьабун буго моцI. **Аллагьас бакъги гьабун буго жиб бакараб чирахъ гIадин жинцаго канлъи кьолеблъун.**

**I7. ТIадегIанав Аллагьас нужги ракьалдаса рижинарун руго гьеб ракьалдаса хер бижинабулеб хIалалъ.** Инсанас бетIербахъи гьабулеб кинабго ризкъи ракьалдаса баккулеб, гьелда тIад бижелеб бугелъул, инсанги ракьалдаса вижана абулеб буго Аллагьас.

**I8. Цингиги Аллагьас нуж хвезеги гьарун гьеб ракьулъе русинаризе руго, ахираталда гьеб ракьул чохьониса къватIиреги рахъинаризе руго.**

**I9. ТIадегIанав Аллагьас нужее гьеб ракь гьабун буго гIодоб тIамураб бусен гIадин (постель).** Нуж нужеего бокьараб хIалалъ жинда тIад яшав гьабун рукIине санагIат бугеб хIалалъ.

**20. Нуж гьеб ракьалда тIасан сапаразде хьвадулел батIи-батIиял нухалги гьарун руго,** нужеца ризкъи тIалаб гьабизе ва нуж батIи-батIиялл улкабазде щвезе.

Гьеб кинабго махлукъалъул пикру гьабичIо НухIил къавмалъ. Аллагьасул хIалкIолъиялде ва гьев цо вукIиналде жидеца тIоритIел гьабулел гIемерал далилал ва хIужаби рицараб мехалъ гьездаса вагIазанасихIат босичIо. Гьеб къавм жидерго куфру-ширкалда тIад чIедал, гьез иман лъеялдаса жиндир хьул къотIидал НухI авараг Аллагьасдехун зигара гьабун кIалъана.

**2I. НухI аварагас абуна: «Я дир БетIергьан! Гьаб дир къавм дида гIасилъана. Гьал нахърилълъунел руго жиндир боцIи-малалъ жидее щибго мунпагIат гьабуларел бечедал чагIазда ва жидер церехъабазда.** Жидер боцIи-малалдаса чIухIун, Аллагь кIочон бугеб халкъалъ гьабулеб жо берцин бихьулеб буго гьаб къавмалда, дица гьел жинда ахIулеб Исламияб диналдаса:

**22. Гьел церехъабаца къавмалъе цIакъ кIудияб макруги гьабун буго.** НухI аварагасда нахърилълъиналдаса къавм нахъе чIван буго, гьел НухIие къварилъи зарал гьабизеги тIамулел руго.

**23. Гьел церехъабаз абулеб буго: «Вореха нужеца нужерго аллагьзабазе гьабулеб дин тоге! Нужеца Вад абулев, СувагI абулев, Ягъус, ЯгIукъ, Наср абулел аллагьзаби тоге**


**24. Гьаб хабарги бицун гьел церехъабаз гIемераб халкъ хIакъаб диналдаса нахъ чIвана. Жидеца зулму гьабулел гIадамазул жегиги къосин цIикIкIинабеха, Аллагь, дуца» - абун.**

**25. Жидеца гьарурал кIудиял мунагьал сабаблъун НухIил къавм тIупан тIун гьанкъинабуна ва гьебго хIалалъ жужахIалъул цIадареги лъугьинаруна. Жидеда гьеб Аллагьасул гIазаб нахъчIвазе кIолев цониги кумекчиги ватичIо.**

**26. НухI аварагас жегиги абуна: «Я дир БетIергьан! Гьаб ракьалда тIад дуца цониги капурчи чIаго тоге!**

**27. Дуца гьел капурзабазул цониги чи чIаго тани, гьез хадуб бачIунеб дур умматги къосинабизе буго ва гьел капурзабазул наслуги букIине гьечIо жидедаго релълъараб капураб, къосараб къавм гурони.**

**28. Я дир БетIергьан Аллагь! Дуца дир мунагьал чуре, дир эбел-инсулги чуре, жидеца иманги лъун дир рукъоре лъугьарал киналго муъминзабазул мунагьалги чуре. Гьел гурелги киналго муъминал бихьиназул ва муъминал руччабазулги мунагьал чуре. Мун цо вукIиналда инкар ккурал, дур аварагзабиги гьезул рисалатги гьереси гьабураб куфру-ширкалъул къавмалъе дуца гьалглъи ва чIорого хутIин цIикIкIинабе Аллагь!» - абун.**




**Суратул Жинн 72.** Женазул бицунеб сурат.

**I. Дуца абе МухIаммад, Аллагьас диде вахIю гьабуна: дур Къуръан цIалиялде гIинтIамуна женазул цо къукъаялъ.** Гьеб къукъаялъ Аллагьасда иман лъуна, гьеб Къуръанги ритIухъ гьабуна, жидеца гьеб Къуръан цIалулев авараг ритIухъ гьавун жал гьесда нахъги рилълъана **ва гьеб къукъаялъ жидер къавмазухъе руссараб мехалъ гьезда абуна: нижеда гIажаибаб Къуръан цIалулеб рагIана.** Жиндир мацI цIакъ пасихIаб, магIна гъваридаб, жинца бицунеб хIукмуги цIакъ мухIканаб ва баянаб.

**2. Гьеб Къуръан буго жинца хIакъаб диналде тIоритIулеблъун. Нижеца гьелда иман лъуна. Нижеца кидаго нижер БетIергьан Аллагьасдехун ширк гьабизе гьечIо.** Гьев Аллагьасе гьабизе хIакъаб гIибадат цоги щибго жоялъе гьабизе гьечIо. Хъанчал, ганчIал, гIадамал, женал, малаикзаби аллагьзабилъун ккквезе гьечIо.

**3. Нижер БетIергьанасул гуч ва къудрат цIакъ тIадегIанаб ва кIудияб буго. Гьес жиндие рекIелгъеялъе хъизан-лъималги ккун гьечIо. Гьев щибго жоялде хIажатав гьечIо.**

**4. Женазул цо ахIмакъзабазул къукъаялъ Аллагьасдехун абулеб букIана гьесул кIодолъиялда рекъоларел рагIаби.** Жидер магIна гьечIел, ургъичIого рицунел харбал рукIана гьел.

**5. Нижеда ракIалде кколеб букIана цониги инсанас, яги женазулас Аллагьасдехун гьереси гIунтIизе гьабуларо абун.** Гьеб Къуръан цIалулеб рагIараб мехалъ нижеда лъана цо-цо гIадамаз ва женаз Аллагьасде гIунгтIизе гьабун гьереси бицунеб букIин. Гьел гIадамаз абулеб бугелъул Аллагьасул ясал руго абун, ГIиса авараг гьесул вас вуго абунги.

**6. ГIадамазул цо къукъа букIана жидеца женазул кIудияздалъун гьел женазул заралалдаса цIуни гьарулел. Гьелдалъун женалги цIакъго чIухIана ва гьезул къосин ва гIасилъи цIикIана.**

ГIарабиязул гIадат букIана жидер сапаразда рукIаго ва гIалахалда сордо базе чIараб мехалъ жидеца абулеб: «Нижеца цIуни гьарулеб буго гьаб бакIалъул женазул ханасдалъун гьанир ругел женазул заралалдаса» - абун. Цинги гьел женал цIакъго чIухIун ва гIамалкIодолъун рукIана: женазулги гIадамазулги ханзаби руго ниж абун.

**7. Гьел гIадамазул капуразде ракIалде кколеб буго, женазул капуразде ракIалде кколеб бугеб гIадинго - Аллагьас хун хадув щивго чи тIаде вахъинавизе гьечIо абун.**

**8. Нижеца зодире рахине къасд гьабураб мехалъ:** гьениб бицунеб жоялда гIенеккизе абун, **нижеда гьел зобал цIун малаикзаби ратана жидеца зобал цIунулеллъун. Жидеца женал рухIулел цIадул сунтуралги ратана, гьезда хадур рехине жал хIадурун ругел.**


**9. МухIаммад авараг витIизегIан цереккун ниж гьеб зодисан хабар рагIулеб бакIалде рахун гьенир гIодор чIолел рукIана. В**а гьенисан нижеда рагIараб жо кагьанатаздаги бицунеб букIана. **Гьанже гьениве гIенеккизе абун вахунев женасда жинда хадуб речIизе хIадурараб сунтур батулеб буго.** Жинца гьеб жен бухIулеб яги хвезе гьабулеб, яги гIадалаб гьабун тIокIаб зодобехун балагьулареб гьабулеб.

**I0. Нижеда** (женазул жамагIаталда) **лъалеб гьечIо ТIадегIанав Аллагьасе щиб жо бокьун бугеб ракьалда тIад бугеб агьлуялъе гьабизе: гьезие квешлъи гьабийищ бокьун бугеб, яги лъикIлъи гьабийищ бокьун бугеб?** Зобал цIунун малаикзабиги ратидал, жидее гьенире рахине нухги щвечIелъул, гьел женал Машрикъ, Магърибалде щун ракьалда тIад сверана гьаб хIикматго щибдай буго абун. Цинги гьезда Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад расулги гьесул асхIабзабиги ратана жидеца Къуръан цIалулел ва как балел. Женазда бичIчIана гьеб сабаб букIин жиндие гIоло зобал женазджаса цIунараб ва гьел аварагасде аскIорегIан рачIун гьесул Къуръан цIалиялда гIенеккана ва жидеца гьев аварагасда иманги лъуна.

**II. Нижедаса цо къукъа буго жидеца Аллагь разилъулеб гIамал гьабулеб, цоги къукъа буго жидер иман загIипаб. Ниж руголъана батIи-батIиял къукъабилъун.**

**I2. Нижеда лъалеб буго ниж Аллагьги гIажиз гьавун, ракьалда тIад кир ругониги, гьесул гIазабалдаса рорчIунареблъи, гьесдаса лъутун рорчIунареблъиги.**

**I3. Нижеда хIакъаб диналде жинца тIоритIулеб Къуръан цIалулеб рагIараб мехалъ нижеца гьелда иман лъуна. Жинца жиндир БетIергьан Аллагьасда иман лъурав чи хIинкъуларо гьев Аллагьас жиндир лъикIаб гIамал нукъсан гьабила абун, яги жиндир квешаб гIамал цIикIкIинабила абунги.**




**I4. Гьаб Къуръан цIалиялде гIенеккун хадур нижер цо къукъа бусурбабилъун лъугьана, цоги къукъа куфруялда тIад чIана. Жидеца иман лъун Исламияб дин босарал женал руго жидее тIоритIел щварал ва жал бахьи буголъиялъул нухалда тIоритIун карал.**

**I5. Жал куфруялдаго чIарал ва иман лъезеги чIухIарал женал руго жидер чурхдуздалъун жужахI боркьулел.**

**I6. Гьел женалги иман лъун битIараб нухалда чIун рукIаралани гьезда гьекъезабилаан алжаналъул цIакъ лазатаб лъим. Жиб гьекъезе бокьулеб.**

**I7. Дица гьезул хIалбихьи** гьабилаан гьеб лъималдалъун ва цогидаб ризкъи гIатIид гьабиялдалъун. **Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса жив вуссарав чиясе дица цIакъаб гIазаб гьабизе буго: жиндилъ щибго рахIат гьечIеб, жиб тIад чIараб.**

ГIикрамат абулев гIалимас абуна: «ЖужахIалда жаниб бугеб цIвакараб къедалде аде рахине риччала гьел. ГIемер къварилъи бихьун гьеб къедалде тIаде рахине гIагарлъараб мехалъ хъущтIун жужахIалде жанире рортула. Цингиги гьеб къедалда тIаде рахун ва жужахIалде жанире рортун рукIуна»-абун.

**I8. Киналго масжидал руго Аллагьасе гIибадат гьабизе рарал бакIал. Нужеца гьениб жаниб Аллагьасдехун ширк гьабуге.**

Мужагьид абулев гIалимас абуна: ягьудиязги насраниязги жидер килисабазда ва биягIазда (синагоги) жанире лъугьараб мехалъ Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьабулеб букIана. Гьез гьабулеб гIамал гьабуге абун амру гьабулеб буго МухIаммад аварагасда ва гьесда иман лъурал асхIабзабаздаги.

**I9. Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг как базе вахъун чIараб мехалъ гьел жундул гьесда тIад хурхине гIагарлъун рукIана.** Къуръаналде гIенеккизе бокьун цIакъ гIемерал женал сверун руссунел рукIана аварагасда

**20. Дуца гьел Маккаялъул мушриказда абе, МухIаммад; «дица лагълъи гьабулеб буго дир БетIерпгьан Аллагьасе ва дица гIибадат гьабиялъулъ гьесдехун щибго жо гIахьалги гьабулеб гьечIо» - абун.** Гьаб аят рещтIине гьабуна капурзабаца абураб мехалъ мун вачIун вугин цIияб диналдалъун ва дуца ниж киназго жидее гIибадат гьабулел аллагьзабазда инкарги кколеб бугин. Мун гьеб диналдаса вуссани нижеца дуе квербакъиги гьабизе буго ва мун кIодо гьавизеги вуго абун.

**2I. Дуца гьезда абе, МухIаммад: «Дида кIоларо нужедаса къварилъи нахъе чIвазе, яги нужее цо лъикIлъи гьабизеги.** Гьеб кинабго жо жинца гьабулев цохIо Аллагь вуго. Дун вуго нуж Исламияб диналде ахIулев Аллагьасул Расул» - абун.

**22. Дуца абе, МухIаммад: Дие Аллагьас гIазаб гьабулеб бугони гьеб гIазабалдаса дун цIунизе кIолев щивго чи гьечIо. Дие вуссине ва кIанцIине бакIги батуларо гьев Аллагьги тун цоги щибго жоялда.**

**23. Дица Аллагьас дида тIад къараб рисалат тIубазе гьабуни гьеб буго дие бугеб хвасарлъи. Аллагьасдаги гьесул расуласдаги гIасилъарав чиясе жужахIалъул цIадул гIазаб букIине буго. Кидаго рукIунеллъун лъугьинарула гьел жужахIалде жанире.**

**24. Жидее къотIи гьабулеб бугеб квешаб гIазаб бихьараб мехалъ лъазе буго гьел капурзабазда щив вугевали жиндир къуват дагьав ва квербакъи дагьавги.**

**25. Дуца гьезда абе, МухIаммад: Дида лъаларо Аллагьас нужее гIазаб гьабизе къотIи гьабураб заман гIагардагойищ бугеб, яги Аллагьас нуж гIазаб гьабичIого нахъе рахъунищ толел?» - абун.**

**26. Балъгояб жо жинда лъалев вуго гьев Аллагь.** Къиямасеб къо чIейги гьес жинда аскIоб тараб балъголъи буго. **Аллагьас жинца балъго гьабураб жоялда цониги чи ваккинавуларо.**


**27. Жиндие вокьарав жиндир расул ваккинавун гурони** Аллагьасе бокьараб жоялда. Гьединго Аллагьас жиндие рокьарал муъминзабиги раккинарула цо-цо балъгояб жоялда. **Гьел аварагзаби цIунун тIадегIанав Аллагьас гьезда цересан ва хадусан малаикзабазул боялги хьвадинарула.**

**28. Жинда загьираб лъаялдалъун лъазе жиндир аварагзабаз рисалат умматалъухъе щвезабураблъи. Аллагь гьел аварагзабазда ва кинабго махлукъалда жиндир гIелмуялдалъун сверун лъугьарав вуго. гьесие цохIо зарра гIадаб жоги балъго хутIунаро. Гьединго Аллагьас кинабго жо рикIкIеналдалъун жиндие гIорхъи чIвараб буго.**

Аллагьасул квербакъиялдалъун Суратул Жинниялъул тапсир ва таржама хъван тIубана.

**Сурату Музаммил 73.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб къого аят бугеб.




**I. Я гьав ратIлилъ жемарав авараг!**

**2. Мун тIаде вахъа сардилъ гIибадат гьабизе гьеб сордоялъул гIемерисеб мехалъ.**

**3. Бащадаб сордоялъ тIаде вахъа, яги гьелдаса дагьаб заманаялъ вахъа!**

**4. Яги бацадаб сардидаса дагьаб цIикIараб заманаялъ тIаде вахъа мун. Дуца гьеб сардилъ вахъиналда жаниб гIодове виччан, гIедегIичIого ва пикру гьабун Къуръанги цIале!** Гьеб Къуръаналъул магIна хал гьабун, гьеб бичIчIун цIале. Аллагьасул рахIматалъул бицарал аятал цIалулеб мехалъ гьеб рахIмат дуе кье абун гьаре Аллагьасда. ГIазабалъул аятал цIалулеб мехалъ гIазабалдаса мун цIуне абунги гьаре. Аллагьасул хIалкIолъиялъул бицунел, цересел умматазул бицунел аятал цIалулеб мехалъ, гьелдаса вагIза-насихIатги босе.

**5. Дица дуда вахIю гьабизе буго захIматаб амру.** Къураналда жаниб бугеб амру-нагью ва уммат исламияб диналде ахIи захIматаб амру буго, жиб баччизе ва тIубазе чорхол рухI ва хIадурлъи къваригIунеб. Гьеб напс куцазе квер бакъиналъе бищунго лъикIаб буго сардилъ тIаде рахъун Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIад чIей гьаби.

**6. ХIакълъунго сардил сагIтазулъ гьабулеб гIибадат ва Къуръан цIали ракIалда жаниб чIолеб, гьелъие цIикIкIун асар гьабулеб буго** къад къоялъ гьабулеб гIибадаталдаса. Гьеб бугелъул киналго гьаркьал дагьлъараб, инсан машгъул гьавулеб жо гьечIеб заман. Сардилъ тIаде рахъун гIибадат гьабизе кIвахIалаб, хIалихьатаб напсалъе цIакъ захIматаб жо буго, амма гьеб гIибадат гьабиялда ругьунлъараб напсалъе ракI чIаголъулеб, иман камиллъулеб, Аллагьасул кIодолъи ва тIадегIанлъи жинда лъалеб жо буго.

**7. Дуе къад къоялда жаниб гIемераб хьвади ва хIалтIи буго.** Аллагьасул диналде халкъ ахIиялъеги, дунялалъул чIаголъияллъул чара гьечIеб жоялъеги мун хьвадулеб заман буго къо. Гьедин бугелъул дуца сордоялдаса мунпагIат босе цохIо Аллагьасе гIибадат гьабун, гьев разилъи тIалаб гьабун.

**8. Дуца Аллагьги гIемерав рехсе ва мун кинабго заманаялъ ва кинабго хIалалъ гьев Аллагьасе гIибадат гьабиялде вуссаравлъун вукIа.**

**9. Машрикъалъулги магърибалъулги БетIергьан вуго гьев Аллагь. Жив гурев цоги Аллагь гьечIевги вуго. Гьев Аллагь ккве дуца дуе вакиллъун.**

**I0. Мушриказ дудехун абулеб жоялде дуца сабру гьабе ва гьел щибго зарал гьабичIого, берцинго дорегIан те!**

**II. Дуца дунги гьал дир аятал гьереси гьарулел капурзабиги те, МухIаммад! Жидее нигIматал кьурал Амма жидеца гьел нигIматазда инкар ккурал. Дагьабго мехалъ те дунги гьелги!** Дица гьезие гьабулеб гIазаб дуда нахъа бихьизе буго!

**I2. Дида аскIор цIакъ кIудиял, рахсал, гудрал руго, боркьараб жужахIалъул цIаги буго.**

**I3. Жиб кваназе ва къулчIине кIоларе квешаб махIцараб тIагIамги буго.** Закъум абула гьелда. **ЦIакъ жинца унтинабулеб жужахIалъул гIазабги буго.**

**I4. Гьеб Къиямасеб къо чIола мугIрулги ракьги кIобокIун, гьаршун гIодобе ун хIеренаб сали гIадин лъугьунеб къоялъ.**

**I5. Дица нужехъе Расул витIун вуго, я гьаб Маккаялъул агьлу, нужер гIамалазе жинца нугIлъи гьабизе бугев. Гьединавго Расул дица витIун вукIана ПиргIавнида ва гьесул къвавмалдаги.**


**I6. Гьев ПиргIавн жиндихъе витIарав расуласда гIасилъараб мехалъ дица гьев ккуна цIакъ бакIаб ва гучаб гIазабалдалъун.**

**I7. Нужеца Аллагьасде инкар ккураб мехалъ нуж гьесул гучаб гIазабалдаса кин цIунилел, я гьал къурайшиязул мушрикал? ГIисинал лъималги херлъинарулеб,** гьезда хъахIрас баккинабулеб **къо буго гьеб Къиямасеб къо.**

**I8. Гьеб къоялъул захIмалъиялдалъун зобалги рихъ-рихъун рукIуна. Гьеб къо бачIине букIин жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб, жиб тIубазабулеб Аллагьасул къотIи буго.**

**I9. Гьаб Къуръан буго нужее бугеб вагIза. Жиндие бокьарав чияс Аллагьасул гIазабалдаса жив хвасарлъулеб нух ккве абе!**

**20. ТIадегIанав Аллагъ жинда лъалев вуго, я МухIаммад, мун вукIин сардил башдаб заманалъ тIаде вахъун вукIунев, гьелдасан цIикIкIун, гьелдасан дагь заманаялъ тIаде вахъун вукIунеблъиги. Мунгун цадахъ ругел асхIабзабазул цо къукъаги буго гьедин сардилъ тIаде рахъунел. Аллагъ вуго жинца сордо-къоялъул къадар чIезеабулев. Аллагьасда лъалеб буго нужеда кIоларебллъи сардилъ тIаде рахъиналъул цо гIорхъи чIвараб хIал гьабизе. Аллагъ нужедаса тIаса лъугьаравги вуго. Нужеца нужеда хIалкIвараб Къуръан цIале сардилъ тIаде рахъун. Аллагьасда лъалеб буго нуж кидаго цо хIалалда рукIунареблъи. Нужер цоял унтун рукIина, цоял сапаралде ун жидее хIалалаб ризкъи тIалаб гьабулел рукIина. Цоял Аллагьасул диналъе гIоло гьазават гьабун ракьалда тIад хьвадулелги рукIина. Нужеца Къуръаналдаса нужеда хIалкIвараб къадаралъ цIале, гьединго халкIвараб куцалъ сардилъ тIадеги рахъа!** Нужее гIорхъи чIван захIмалъи гьабулеб гьечIо Аллагьас. **Нужеца паризаял какал гIужда рай, паризаяб закат кье, Аллагъ разилъи тIалаб гьабун Аллагьасул диналъе гIоло ва цогидалги лъикIал нухазда нужер боцIи-малги харж гьабе! Аллагъ разилъи тIалаб гьабун гьабураб лъикIаб гIамал нужеда Аллагьасда аскIоб батизе буго цIакъ кIудияб ажрулъун. Нужеца Аллагьасдаса мунагьал рахчиги тIалаб гьабе! ХIакълъунго тIадегIанав Аллагъ жинца мунагьал рахчунев ва жив гурхIулев вуго.**




**Суратул Мудассир 74.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда анцIила анлъго аят бугеб.

**I. Я гьав жиндир ратIлилъ вахчун вегун вугев чи!**

**2. Мун тIаде вахъа ва дуца къавмалъе хIинкъи кье,**

**3. Дуца дур БетIергьан Аллагьги кIодо гьаве.**

**4. Дуца дур ретIелги бацIцIад гьабе!** Муъминзабазда рекъоларо чорокаб ретIелгун рукIине, нажасаб, жиндсаа ракIкъалеб жо жинда цадахъ букIине.

**5. Хъанчалги цогидал аллагьазабиги дуца рехун те,** гьел рикIкIад гьаре.

**6. Дуца гIадамазе лъикIлъи гьабуге, гьезие боцIи-мал кьоге, гьелде данде дуе жеги гIемераб боцIи-мал кьеялде хьул лъун.** Дуца кигIан гIемер садакъа-хайрат гьабуниги гьеб дагьаб жолъун бихьун вукIа. Дуца кьураб садакъа ва гьабураб лъикIлъи гIемераб жо буго абун чIухIун вукIунге.

**7. Аллагьасул диналъе гIоло дуде щвараб захIмалъиялда сабру гьабе!**

**8. Къиямасеб къо чIун халкъ тIаде бахъинабизе суралъубе пураб мехалъ,**

**9. Гьеб къо буго цIакъ жиб бакIаб ва захIматаб къо.**

**I0. Капурзабазе бигьаяб гуреб къо буго гьеб.**

**II. Дуца дун те, МухIаммад, ва дица жив цохIого вижарав Алвалид бину ал Мугъират абулев пасикъав чиги те!** Дица гьабизе буго гьесие гIазаб.

**I2. Цинги дица гьесие гIемераб боцIи-магIишатги кьурав.**

**I3. Живгун цадахъ гIадамазда гьоркьор чIолел васалги кьурав.**


**I4. Дица гьесие дунялалъул ризкъи цIакъ тIибитIана тамахаб бусен тIибиIулеб гIадин.**

**I5. Цингиги гьесул хьул лъолеб буго дица гьесул бечелъи ва ханлъи цIикIкIинабила абун.** жиндие кьураб жоялда щукруги гьабичIого, гьесда ракIалде кколеб буго жив жегиги бечелъун, къадру кIодолъун вукIине вугин абун.

**I6. Гьедин гьечIо амру!** Дица гьесие лъикIлъи цIикIкIинабуларо. Дица гьесда цIакъ гучаб гIазаб чIамизе гьабила. **Гьев чи вукIана жинца дир Къуръаналъул аятазда инкар кколев.**

**I7. Дица гьесда баччине кIолареб гIазаб тIад къала ва гьеб гIазабалъулъ гьев даим гьавила.**

**I8. Гьес Аллагьасул каламалъул ва гьеб цIалулев расуласул хIакъалъулъ пикру гьабуна ва жив ургъана щиб квешлъидай аврагасе гьабила, щиб гIайибдай Къуръаналда чIвала абун.**




**I9. 20. Аллагьас жив чIваяв ва гIодовегIан гьавеяв! Кинха кIвараб гьесда Аллагьасул каламалдаги ва гьесул расуласдаги данде вахъине? Цингиги Аллагьас жив чIваяв, кин гьев Алвалид Алагьасдаги гьесул расуласдаги данде вахъунев?**

**2I. 23. Цинги гьесул гьумер букIкIана, гьеб ургъалил цIун сурана. Цинги гьев Къуръаналдаса вуссана ва гьес чIухIи загьир гьабуна.**

**24. Жинцаги абуна: «Гьаб жо сихIру гуреб гьечIо, МухIаммадица ﷺ сихIручагIаздаса лъазабун жиб цIалулеб,**

**25. «Гьаб жо гьечIо инсанас ургъараб гьесул ругIи гурони» - абун.**

**26. Дица ахираталда гьев лъугьинавила Сакъар абун цIар бугеб жужахIалде жаниве.**

**27. Дуда щибха лъалеб МухIаммад, гьеб Сакъар щиб жужахI бугенб!**

**28. 29. Жинца щибго жо нахъе толареб цIа буго гьеб, цIакъ тIомги гьанги бухIулебги буго.**

**30. Гьеб жужахI хьихьун тарав анцIила ичIго малаик вуго.**

**3I. Дица гьал жужахI хьихьарал малаикзаби гурони гьаричIо.** Гьезул къуватги гучги къурайшияязда жидеде данде рахъине кIолеб букIунаро. **Дица гьезул рикIкIенги гьабичIо** (анцIила ичIго руго абун), **гьел капурал гIадамазул хIалбихьизе, гьел питнаялъулъе ккезаризе гурони.** Гьезда гьел анцIила ичIго малаик цIакъ дагьаллъун рихьун ва жидеда гьезде данде чIезе кIола абун ракIалде ккун. **Жидехъе тIехь рещтIинабурал китабияздаги якъинго лъазе гьев МухIаммад хIакъав авараг вукIин ва гьаб Къуръанги Аллагьасул калам букIин. Муъминзабазул жегиги иманги цIикIкIине. Гьел муъминзаби ва китабияб агьлу щибго щакдаричIогоги рукIине. Жидер рекIелъ унти бугел мунапикъзабаца ва куфру-ширкалъул агьлуялъги абине: «Аллагьасе бокьараб жого щиб бугеб гьаб анцIила ичIго абураб ругIиялдаса» - абун. Гьедин тIадеганав Аллагьас жиндие бокьарав чи къосинавула ва ждиндие бокьарав чиги хIакъаб диналда тIовитIула. Аллагьасул аскарал кигIан гIемерал ругел цохIо Аллагьасда гурони лъаларо. Гьаб Сакъар абураб жужахIалъул ва гьелда тIад тарал малаикзабазул бицен Аллагьас гьабун буго гIадамазе вагIзалъун букIине.**

**32. 33. 34. Гьел капурзабазде ракIалде кколеб хIалалъ гьечIо Аллагьасул амру! Зодоб бугеб мацIалхIаги абун гьедулев вуго Аллагь. Жиб тIаса унеб сордоялхIаги абунги гьедулев вуго. Жиндир канлъи загьирлъараб рогьелхIаги абунги гьедулев вуго.**

**35. Гьеб жагьаннама буго цIакъ кIудиял балагьалъул ва къварилъиялъул цояб. Жидедаса инсан хIинкъизе кколел ва цIунизе кколел къварилъабазул бищунго захIматаб ва даимаб къварилъи-балагь буго ахираталда букIунеб жужахIалъул гIазаб**

**36. Жиндалъун кинабго халкъалъе хIинкъи кьолебги буго гьеб жагьаннама.**

**37. Нужедаса лъикIаб гIамал гьабизе цеве ккарасе ва гьеб лъикIаб гIамал гьабичIого чIарасеги жинца гьабураб гIамалалда рекъараб жазаъ букIине букIин жинца лъазабулеб буго гьаб Къуръан.**

**38. Щибаб напс жинца гьабураб гIамалалъе рагьноялъе лъураб буго** (гьоркьлъалие лъураб, залог). Гьеб гIамалалда рекъараб жазаъ жиндие гьабизе бугеб буго.

**39. Жидер гIамал хъварал кагътал квариниса кьурал, жидер бахьи буголъарал муъминзаби хутIинегIан.**

**40. 4I. Алжаналда жанир рукIун гьез цоцазда гьикъулеб буго жужахIалда жанире ккарал капурзабазул хIалалъул.**

**42. 43. 44. Нуж гьаб жужахIалде лъугьине гьарураб жогIаги щиб бугеб абун. Гьез жаваб гьабула: «Нижеца паризаяб как балеб букIинчIо,. Мискин-пакъирасе нижеца тIагIамги кьолеб букIинчIо.**

**45. БатIулаб, хабар бицунел гIадамалгун гьеб гIададисеб хабар бицунелги рукIана ниж.**

**46. Гьаб Къиямасеб къо букIинги нижеца гьереси гьабулеб букIана.**


**47. Гьал квешал гIамалал гьарун хьвадана ниж нижеде тIаде хвел бачIинегIан» - абун.**

**48. Ахираталде щун жидее гIазаб гьабулеб мехалъ гьаб куфру-ширкалъул агьлуялъе щибго мунпагIат гьабуларо жидеца шапагIат гьабулел гIадамазул шапагIаталъ.**

**49. Гьал муширикаказе бугеб жо щибха бугеб жал Аллагьасда иман лъеялдасаги Къуръаналъул вагIзаялдасаги руссун чIезе ккани?**

**50. 5I. ГъалбацIалдаса хIинкъун лъутунел гIалхул хIамул гIадин тIурун унел руго гьел хирияб Къуръан цIалулеб мехалъ ва жидеда авараг вихьараб мехалъ.**

**52. Гьал мушириказул щивав чиясе бокьун буго жидедаги Аллагьас зодиса тIехь рещтIинабизе ва вахIю рещтIине.**




**53. 54. Гьедин гьечIоха амро! Гьел руго жал ахираталдаса хIинкъуларел гIадамал. Гьаб хирияб Къуръанги вагIза-насихIат буго.**

**55. Жиндие бокьарав чияс гьаб Къуръаналъул вагIза босула.**

**56. Аллагьас иман лъеялда тIовитIарав чияс гурони гьаб Къуръаналъул вагIза босуларо. Гьев Аллагь вуго жиндасан хIинкъизе агьлулъун вугев ва жинца мунагьал чурулев.**

**Сурату Къиямати 75.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъого аят бугеб.

**I. Дун гьедулев вуго жиб букIине букIин хIакъаб Къиямасеб къоялдалъун.**

**2. Гьединго дун гьедулев вуго жинца жиндаго гIайиб чIвалеб муъминчиясул напсалдалъунги.**

**3. Гьав инсанасда ракIалде кколебищ бугеб дица хун хадуб гьесул рукьби данде гьариларин ва гьев чIагоги гьавиларин абун.**

**4. Дица гьев инсан чIаго гьавизе вуго. Дир хIал кIола гьесул килщазул щибаб ракьа данде гьабун гьел ццере рукIараб хIалалъ цIидаса рижине.**

**5. Инсанасе бокьун буго гьаб тIаде рахъинариялда инкарги ккун жиндирго къосиналъулъ ва пасикълъиялъулъ хьвадизе.**

**6. Гьев инсанас гьикъулеб буго Къиямасеб къо кида букIине бугеб абун.**

**7. къиямасеб къо букIине буго Инсанасул бер хIинкъун сверсведулеб хутIараб мехалъ.**

**8. Зодисан моцIрол канлъиги араб мехалъ.**

**9. Бакъги моцIги кIиябго дандеги гьабун ралъдалъеги рехараб мехалъ.**

**I0. Гьеб къоялъ Аллагьасде инкар ккун вукIарав, жиндир пасикъалъи кIудияв инсанас абула: «Гьанже дие лъутизе, вортизе бакIго гьечIищ?» - абун.**

**II. Гьев вуцIун чIа абе! Гьесие ворчIине бакI гьечIо ва гьесие гIазаб гьабичIого толаро.**

**I2. Гьеб къоялъ кинабго халкъалъул руссин цохIо дур БетIергьан Аллагьасде буго, МухIаммад.** Цоги гьезул руссунеб бакI гьечIо ва гьезие кумек гьабулев щивго чиги гьечIо.

**I3. Гьеб къоялъ инсанасда бицуна жинца гьабураб кинабго гIамал: ахираталда гьес бачIараб гIамал ва дунялалда гьес тараб асарги.**

**I4. Гьев инсан живго вуго гьеб къоялъ жиндир гIамалазе нугIлъун. Гьев цоги нугIасде хIажат вукIунаро.**

**I5. КигIан гIемерал гIузраби гьес рачаниги,** гьесие щибго бигьалъиги букIунаро.

**I6. Дуца дур мацI багъаринабуге, МухIаммад, гьеб Къуръан цIали хех гьабун,** дуда гьеб кIоченин абун хIинкъун.

**I7. Дида тIад буго гьеб Къуръан дур каранде жаниб данде гьабизе ва дуда гьеб кIочене биччачIого цIунизе.**

**I8. Дица Жабраил малаик цIализе виччан дуе гьеб Къуръан цIалараб мехалъ гьесдаса хадуб цIале дуца Къуръан.** Гьевгун цадахъ гьеб цIалулевлъун вукIунге.

**I9. Гьеб Къуръан дуе баян гьабиги гьелъул магIна загьираб гьечIеб жоялъул магIна дуда лъазабиги дида тIад буго.**

**20. 2I. Нужеца абухъе гьечIо амру, я гьал мушрикал! Нуж руго дунялалъул чIаголъи бокьарал гIадамал. Гьедин букIиналъ нужеца гьеб ахираталъе щибго гIамалги гьабулеб гьечIо.**

**22. 23. Гьеб ахираталда жидеца Аллагьасда иман лъун, гьев разилъи тIалаб гьабун дунялалда хьвадарал муъминзабазул гьурмал цIакъ берцинлъун, гвангъун рукIуна. Жидер БетIергьан Аллагьасда ралагьунги рукIуна.**

**24. Аллагьасде инкар ккун куфру-ширкалда рукIарал гIадамазул гьурмал гьеб къоялъ цIакъ сурукълъун, рукIкIун рукIуна,**

**25. Жидее щиб къварилъи-гIазабдай гьабила абун хIинкъун рукIуна.**

**26. Нуж кантIе, я гьал мушрикал!** Нужеца ахират кIочон дунял тIаса бищи реххун те! **Нужер рухIал рахъулел рукIун щокъроре щвараб мехалъ,**

**27. Гьев холев чиясда сверун лъугьун гьесул агьлу-хъизан гIодараб мехалъ: «ГьечIевищ гьев чи хвасар гьавулев чиго?!» - абун.**

**28. Гьев чиясда жиндагоги лъараб мехавлъ жив дунялалдаса ватIалъулев вукIин.**

**29. Гьесул кIиябго махIуги цоцаде хурхараб мехалъ хвалил захIмалъи чIамулев вукIун, яги мусруялда жанив вухьараб мехалъ.**

**30. Дур БетIергьан Аллагьасде буго гьеб кинабго халкъ цебе къотIун бачIине ва гьев Аллагьас гьабизе буго гьезул хIисаб-мизан ва гьезул гIамалалда рекъараб жазаъги.**

**3I. Аллагьасдаги ахираталдаги инкар ккурав чияс Аллагьасе какги бачIо, гьесул калам Къуръанги ритIухъ гьабичIо.**


**32. Гьес Къуръанги аварагги гьереси гьавуна ва иман лъеялдаса живги вуссун чIана.**

**33. Цинги гьев жиндир агьлуялъухъеги ана рилълъен чIухIинабун, жив кIичIардилаго.**

**34. 35. Дуе цIакъ квешаб гIазаб букIине бугоха, я гьав чIухIарав, бахьикъосарав чи! Дица дуе хIинкъи кьолеб буго гьеб квешаб гIазабалдалъун.**

**36. Гьав инсанасда ракIалде кколебищ бугеб жив гьадинго (**мугьмалго**) тела абун.**

**37. 38. Гьесул авал манидал къатIра букIинчIищ жиб къватIибе реххунеб,** жиндир щибго къимат гьечIеб? **Цинги гьеб манидал къатIраялдаса бидул**



**горо лъугьун, хадуб гьанал къотIеллъун вукIинчIищ гьев инсан? Гьелдаса жив вижун, жиндир къаркъала берцинаб, камилаб гьабуна.**

**39. Цинги гьев инсанасул кIиго тайпа гьабуна: цоял бихьинал, цоял руччаби гьаруна.**

**40. Гьаб рехсараб халалъ жинца инсан вижарав Аллагь жиндир хIал кIолев гьечIищха гьев хун хадув цIидаса вижинеги?** Вуго Аллагь жиндир хIалкIолев ва нижги гьелда иман лъураздаса руго.

**Суратул Инсани 76.**


**I. ХIакълъунго гьев инсанасул гIемераб заман ана жив дунялалда гьечIого, жив лъидаго лъаларев вукIун.**

**2. Дица гьев инсанги вижана жиб цоцалъе жубараб маниялдаса жиндир хIалбихьи гьабулевлъун.** Гьесда тIад шаргIиял таклифалги лъун гьев Аллагьасе мутIигIлъуладай абун. Гьесие нигIматал кьураб мехалъ щукру гьабуладай абун, къварилъи тIаде бачIараб мехалъ сабруги гьабуладай абун. **Дица Гьев жинда жо бихьулев ва жинда ргIулевги гьавуна.** Гьаб махлукъалъул пикру гьабун, гьелъул Халикъ вукIин жинда лъазе гIакълуги бугев, бицунеб жоги ргIулев, махлукъалъул гIажаибал жал жинда рихьулевги гьавуна.

**3. Дица гьев инсанасда кIиго батIияб нух букIинги баян гьабуна.** Аварагзабиги ритIун, тIахьалги рещтIине гьарун лъикIабги квешабги жо баян гьабуна. **Жинца Аллагьасде иманги лъун гьесул нигIматазе щукруги гьабун хьвадизе, яги Аллагьасда иман лъечIого, гьесул нигIматазда инкар ккурав вукIине.**

**4. Аллагьасда инкар ккун хьвадарал гIадамазе дица ахираталда хIадурун руго жужахIалъул боркьараб цIаги, маххул рахсал ва гудралги.** Жидер квералги хIатIалги горбоде рухьун жужахIалде жанире рехула гьел ва абадиялъго гьеб гIазабалъулъги рукIуна.

**.5. Жидеца иманги лъун лъикIаб гIамалги гьабун хьвадарал гIадамал алжаналда жанир рукIине руго. Гьез гьекъолеб хамро жинда гьоркьобе махI гьуинаб кафур жубараб букIине буго.**




**6. Алжаналъул иццаздасан чвахун бачIуна гьеб кафур, ва гьеб гьекъола жидеда Аллагь разилъарал муъминал лагъзадерица. Жидеца гьеб кафурги ва цогидаб гьекъолеб жоги жидеего бокьараб бакIалдаса билълъинабула.**

**7. Дунялалда ругеб мехалъ жидеца гьабураб назру ва къотIи тIубалеллъун рукIана. Жиндир квешлъи ва гIазаб гIаммаб, гьеб кибго тIибитIараб Къиямасеб къоялъул гIазабалдасаги жал хIинкъулелги рукIана.**

**8. Жидеего бокьунги букIун, жал гьелда хIажаталги рукIун, жидеца мискин-пакъирасе, ятимасе ва асирлъун ккарасе тIагIам кьолелги рукIана.**

**9.** Жидецаги абулеб букIана: **«Нижеца гьеб тIагIам нужее кьолеб буго Аллагь разилъи тIалаб гьабун. Нижее нужедаса гьеб тIагIам кьеялде данде жазаъ гьаби бокьун гьечIо ва щукру гьабиги бокьун гьечIо,**

**I0. Ниж хIинкъун руго нижер БетIергьанасул гIазабалдаса жиндир гIазаб гучаб, жинца гьурмал рукIкIинарулеб, жиб захIматаб Къиямасеб къоялъулъ жиб букIунеб» - абун.**

**II. Аллагьас гьел муъминзаби цIунула гьеб захIматаб къяолъул квешлъиялдаса, гьезие Аллагьас кьола гьурмазул берцинлъи ва ракIазул рохел.**

**I2. Жидеца дунялалда Аллагьасе гIибадат гьабиялда тIад чIун, Аллагьасда гIасилъиялдаса рикIкIалъун сабру гьаби сабаблъун Аллагьас гьезие жазаъ гьабула Алжаназул нигIматаздалъун ва дарай-зарбалъул ретIелаздалъунги.**

**I3. Алжаназул кIалгIабазул рагъабазда берцинал тахазда тIад гIодорчIун рукIуна гьел муъминзаби. Гьезие гьеб алжаналда жаниб бакъ букIунаро жинца хинлъинарулеб ва квачазарулеб гьуриги букIунаро.**

**I4. Гьел муъминзабазде гIагарлъун букIуна алжаналъул гъутIбузул рагIад. Алжаназул пихъалги гьезие квегъун, гIагар гьарун рукIуна.**

**I5. Алжаналъул гъилманал гьезда тIаде хьвадула гIарцул цIарагIазда жанир лъурал нигIматалги росун. Берцинал, жидеда гъорлъан канлъи бихьулеб гьекъолеб жо жаниб бугел сурахIалги рукIуна гьезда кодор.**

**I6. Жал гIарцудаса гьарурал ва жидеда жаниб цо нухалъ гьекъезе гIураб гьекъел бугел.** Гъоркьеги хутIулареб, тIокIаб тIадеги хIажалъулареб хIалалъ букIуна гьеб гьекъолеб жо.

**I7. Жидее гьеб алжаналда жаниб занжабил жубараб хамродал лълъарги кьола гьекъезе.**

**I8. Жинда Салсабил абун цIар бугеб цIакъ гьуинаб, жиб гьекъезе бокьулеб лълъел иццалдасаги гьекъола Аллагьас жинда гIагар гьарурал муъминзабаца.**

**I9. Гьел муъминзабазде тIаде алжаналъул гъилманалги хьвадула: даимго алжаналда жанир рукIунел, жидер гьурмал ва чурхдул берцинал, жидеда балагьараб мехалъ гIодобе щущан бараб луъ-луъ буго абун кколел рукIуна гьел гъилманал.**

**20. Гьел алжаназда жанир ругел гIажаибал нигIматал ва берцинлъаби дуда рихьараб мехалъ дуда цIакъ кIудияб мулк ва нигIматал рихьула.**

**2I. Гьеб алжаналъул агьлуялда тIад бугеб ретIелалъул тIасияб рахъ гIурччинаб сундусалъул ва истабракъ абулеб дарай букIуна. Гьезда тIад ран гIарцул берцинал курхьин-кIилкIалги рукIуна ва гьезда БетIергьан Аллагьас цIакъ берцинаб, бацIцIадаб гьекъолеб жоги гьекъезе гьабула, жинда лъилго квер хъатIичIеб, мискалъул махI жинда бугеб гьекъел букIуна гьеб.2.** Аллагьасул рахъалъан гьезда абула: **Гьаб кинабго жо нужее буго нужеца дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалъул жазаълъун, гьеб нужер гIамал жинда данде щукру гьабулеблъунги буго.**

**23. Дун вуго МухIаммад, дица дуда гьаб Къуръан рещтIинабурав жиб бикь-бикьун,** жинда жаниб кинабго жо баян гьабун.

**24. Дуца сабру гьабе МухIаммад, Аллагьас гьабураб хIукму-къадаралда. Мун мутIигIлъуге ва нахъвилъунге жидеца мунагьал гьарулел ва жидеца Аллагьасда инкар ккурал гIадамазда.**

**25. Дуца дур БетIергьан Аллагь гIемер рехсе щибаб гIужалъ радалги къассиги.** Гьев Аллагьасе какал рай ва цогидаб гIибадат гьабе.

**26. Сардилъ тIаде вахъун Аллагьасе какал рай ва халатаб сордоялъ гьев Аллагьасе тасбихI-суждаби гьарун гIибадат гьабе. 27. Гьал капурзаби руго жидее жиб хехго тIаса унеб дунялалъул чIаголъи бокьун ва жидеца мугъалде нахъе реххун тун буго гIакъуба-къварилъи бакIаб къиямасеб къо**

**28. Дица рижана гьал гIадамал щибго жо гьечIеб бакIалдаса ва дица гьезул лугби цоцаде щула гьаруна щукIдуздалъун ва гьел къуваталлъунги гьаруна. Дие бокьараб мехалъ дида кIола гьал гIадамалги гьалаг гьарун гьазул бакIалда цоги къавм бижине.**

**29. Гьаб хирияб Къуръан буго жидер гIакълу бугел, жидеда бицараб жо бичIунел гIадамазе вагIзалъун. Жиндие бокьарав чияс гьаб Къуръаналъул вагIза босула ва Аллагь лъаялде унеб нухалъ гьев хьвадула.**

**30. Нужее щибго жо бокьунаро** ва нужее бокьараб жоги лъугьунаро **гьелда цадахъ Аллагьасул хIукму-къадар букIун гурони. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев ва жинца гьабулеб хIукмуялъулъ ритIухъав.**

**3I. Аллагьас жиндие бокьарав чи жиндир рахIматалъулъ лъугьинавула. Жидеца Аллагьасда инкар ккун купру-ширклдалъун жидерго напсазе зулму гьабулел гIадамазе Аллагьас хIадурун буго жинца цIакъ унтизабулеб жужахIалъул гIазаб.**

**Суратул Мурсалати 77.**


الجزء التاسع والعشرون سورة المرسلات
وَمِنَ ٱلَّيۡلِ فَٱسۡجُدۡ لَهُۥ وَسَبِّحۡهُ لَيۡلٗا طَوِيلًا ٢٦ إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ
يُحِبُّونَ ٱلۡعَاجِلَةَ وَيَذَرُونَ وَرَآءَهُمۡ يَوۡمٗا ثَقِيلٗا ٢٧ نَّحۡنُ خَلَقۡنَٰهُمۡ
وَشَدَدۡنَآ أَسۡرَهُمۡۖ وَإِذَا شِئۡنَا بَدَّلۡنَآ أَمۡثَٰلَهُمۡ تَبۡدِيلًا ٢٨ إِنَّ
هَٰذِهِۦ تَذۡكِرَةٞۖ فَمَن شَآءَ ٱتَّخَذَ إِلَىٰ رَبِّهِۦ سَبِيلٗا ٢٩ وَمَا تَشَآءُونَ
إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُۚ إِنَّ ٱللَّهَ كَانَ عَلِيمًا حَكِيمٗا ٣٠ يُدۡخِلُ
مَن يَشَآءُ فِي رَحۡمَتِهِۦۚ وَٱلظَّٰلِمِينَ أَعَدَّ لَهُمۡ عَذَابًا أَلِيمَۢا ٣١
سُورَةُ المُرسَلَاتِ
بِسۡمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحۡمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ
وَٱلۡمُرۡسَلَٰتِ عُرۡفٗا ١ فَٱلۡعَٰصِفَٰتِ عَصۡفٗا ٢ وَٱلنَّٰشِرَٰتِ نَشۡرٗا ٣
فَٱلۡفَٰرِقَٰتِ فَرۡقٗا ٤ فَٱلۡمُلۡقِيَٰتِ ذِكۡرًا ٥ عُذۡرًا أَوۡ نُذۡرًا ٦ إِنَّمَا
تُوعَدُونَ لَوَٰقِعٞ ٧ فَإِذَا ٱلنُّجُومُ طُمِسَتۡ ٨ وَإِذَا ٱلسَّمَآءُ فُرِجَتۡ
٩ وَإِذَا ٱلۡجِبَالُ نُسِفَتۡ ١٠ وَإِذَا ٱلرُّسُلُ أُقِّتَتۡ ١١ لِأَيِّ يَوۡمٍ أُجِّلَتۡ
١٢ لِيَوۡمِ ٱلۡفَصۡلِ ١٣ وَمَآ أَدۡرَىٰكَ مَا يَوۡمُ ٱلۡفَصۡلِ ١٤ وَيۡلٞ يَوۡمَئِذٖ
لِّلۡمُكَذِّبِينَ ١٥ أَلَمۡ نُهۡلِكِ ٱلۡأَوَّلِينَ ١٦ ثُمَّ نُتۡبِعُهُمُ ٱلۡأٓخِرِينَ
١٧ كَذَٰلِكَ نَفۡعَلُ بِٱلۡمُجۡرِمِينَ ١٨ وَيۡلٞ يَوۡمَئِذٖ لِّلۡمُكَذِّبِينَ ١٩
٥٨٠

**I. Жал тIатIалаго пулел гьуралхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.** Цоялда хадуб цоги пун жинца гIадамал гьалаг гьаризе, гьезие гIазаб гьабизе ритIулел гьурал руго гьел. Цо гIалимзабаца абуна: «гьел малаикзаби руго, Аллагьас жиндир вахIю босун ритIунел абун.

**2. Жал цIакъ пулел, жидеца гъутIби кьолболъан рахъунел, минаби риххинарулел гьуралхIаги абунги гьедулев вуго тIадегIанав Аллагь.**

**3. Жидеца накIкIал цере къотIун рачун гьел тIиритIинарулел ва Аллагьасе бокьараб бакIалда рахIматалъул цIад баялда гьел накIкIал тIоритIулел малаикзабаздалъунги гьедулев вуго Аллагь.**

**4. Жидеца хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулел, хIалалабги хIарамабги жо батIа гьабулел малаикзабадалъунги гьедулев вуго тIадегIанав Аллагь.**

**5. Аллагьасул вахIю аварагзабахъе кьолел малаикзабадалъунги гьедулев вуго Аллагь.**

**6. Гьел лагъзадерие щибго хIужа-гIилла хутIичIого букIине ритIула гьезухъе аварагзаби хIакъаб дин босун. Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат гьабичIони Аллагьасул гIазаб рещтIиналдалъун хIинкъи кьезеги ритIула.**

**7.** Гьал гьаял гьедун тIадегIанав Аллагьас лъазе гьабулеб буго **нужее жиб къотIи гьабураб ахираталъул амру жиб букIине букIин хIакъаб жо буго абун.**

**8. Зобалазда ругел цIвабиги нахъе ине гьарураб мехалъ, жидер нур гьечIеллъун жал рихьулареллъун лъугьун.**

**9. Зобалги рикь-рикьизе гьарураб мехалъ. Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун гьел рихъун, хъвалхьун араб мехалъ. I0. МугIрулги хIургIадин лъугьун гьарщун гIодоре араб мехалъ,**

**II. Умматалъухъе дин босун ритIун рукIарал аварагзабиги жидер умматалъе нугIлъи гьабизе тIаде рахъинарураб мехалъ, I2. Щиб заман щвезегIан гьал кIудиял ва жидер хIинкъи цIикIарал ишал нахъе рахъун тун ругел? I3. Гьел нахъе рахъун руго жиндилъ гIадамазда гьоркьоб хIукму гьабулеб Къиямасеб къо щвезеган.**

**I4. Дуда лъаларо, я гьав инсан, щиб жо бугеб жиндилъ хIукму гьабулеб Къиямасеб къо! I5. ЦIакъ квешаб гIазаб букIине буго гьеб къоялъ жидеца ахират гьереси гьабун хьвадарал капурзабазе.**

**I6. I7. Дица цересел капурал къавмалги гьалаг гьаруна гурищ! Дица гьезда нахърегIизе гьарила гьал Маккаялъул мушрикалги.**

**I8. I9. Гьединаб гIазаб гьабула дица кинабниги куфру-ширкалъул агьлуялъе. ЦIакъ квешаб гIазаб букIине бугоха гьеб гIазаб гьабулеб къоялъ жидеца Аллагьги ахиратги гьереси гьабулел рукIарал гIадамазе.**

**20. Дица нуж киналго рижинчIищ загIипаб, хIакъираб манидал къатIраялдаса?**

**2I. Цинги дица гьеб лъуна жиб цIунулеб, жиб бижине рес рекъолеб рахIмоялда жаниб.**

**22. Жиндие къадар гьабураб заманалде щвезегIан.**


**23. Дун вуго гьеб лъимер бижине ва гьеб хьихьизе хIалкIварав. Жидер хIал кIолезул бищунго лъикIавги вуго дун.**

**24. ЦIакъ квешаб гIазаб ва къварилъи букIине бугоха ахираталда жидеца Аллагьасул хIалкIолъи ва ахират гьереси гьабулел гIадамазе.**

**25. Гьаб ракь дица нужее гьабун буго гурищ жинца нуж данде ракIарулеблъун.**

**26. ЧIагоял жинда тIад данде гьарулеб, хварал жиндир чехьалда жанир данде гьарулеблъун.**

**27. Дица гьаб ракьалда тIад нужее мунпагIаталъе рорхатал мугIрулги гьаруна. Дица нужеда цIакъ гьуинаб, жиб гьекъезе бигьаяб, нужер кинабго чIаготлъи жинда бараблъун бугеб лъинги гьекъезабуна гурищ? 28. ЦIакъ квешаб гIазаб букIине бугоха жидеца Аллагьасул нигIматазда инкар колел, гьел гьереси гьарулел гIадамазе жидер хIисаб-мизан ва жазаъ гьабулеб Къиямасеб къоялъ.**




**29. Гьанже нуж а гьеб нужеца гьереси гьабулеб букIараб жужахIалъул гIазаб чIамизе. 30. Нуж а жидее лъабго гIаркьел бугеб жужахIалъул цIадул ва кIкIуялъул ргIадалде.**

**3I. Гьелъ нужее щибго ргIад гьабуларо ва жужахIалъул цIадул лагь-лагьиялдаса нужги цIунуларо. 32. Гьеб жужахIалдаса къватIире рехун цIадул хIенхIал рачIуна кIудиял кIалгIаби гIадал. 33. Гьел цIадул хIенхIал тIогьилал варанабазда релълъун рукIуна жидер хехго иналъулъ.**

**34. Гьеб къоялъ цIакъ квешаб гIазаб букIине буго жидеца гьеб ахират гьереси гьабун рукIарал инкарчагIазе. 35. Гьеб къоялъ щивго чиясда кIалъазе кIоларо.**

**36. Гьел гIадамазе гIузру бачун кIалъазе изнуги кьоларо. Гьеб къо гIузру бицунеб къо гьечIелъул.** Гьеб буго жиндилъ жазаъ гьабулеб къо.

**37. ЦIакъ квешаб жазаъ букIинаха гьеб къоялъ жинца гьеб ахират ва хIисаб-мизан, жазаъ гьабиги гьереси гьабулел рукIарал гIадамазе.**

**38. Гьаб буго халкъалда гьоркьоб хIукму гьабулеб къо.** Муъминзабиги капурзабиги цоцаздаса ратIа гьарулеб къо. **Гьанир дица нужги ва цересел умматалги данде гьарун руго.**

**39. Нужер гьунар батани хIилла-макру гьабун гьеб гIазабалдаса нуж хвасарлъизе, нужеца гьеб макру гьабе ва дир гIазабалдаса рорчIа! 40. ЦIакъ квешаб гIазаб букIинаха гьеб къоялъ Аллаги, ахиратги жидеца гьереси гьабулел рукIарал гIадамазе.**

**4I. Аллагьасдаса хIинкъун жидеца тIагIат-гIибадат гьабулел рукIарал муъминзаби алжаназул ахазул ргIдукь ва гьуинал иццазулъ руго. 42. Жидер хьул лъурал батIи-батIиял пихъазулъги руго.** Гьел муъминзабаздехун абула: **43. Нужеца гьал нигIматал кванае ва гьал гьекъолел жалги гьекъе: нужее жал хIалалалъун ва лазаталлъун ругеб хIалалъ. Гьеб буго нужеца дунялалда гьабураб лъикIаб гIамалалде данде Аллагьас нужее кьурал сайгьатал.**

**44. Гьединаб лъикIаб жазаъ гьабула дица жидеца иманги лъун лъикIаб гIамиалги гьабун хьвадарал муъминзабазе. 45. Гьеб къоялъ цIакъ квешаб гIазаб букIинаха жидеца ахират ва алжан-жужахI гьереси гьабулел рукIарал гIадамазе.**

**46. Нуж гьаб дунялалда дагьабго заманаялъ кванан-гьекъон дунялалъул кеп босулеллъун рукIа. Нуж руго Аллагьасде гIасиял, гьесда инкар ккураб халкъ.**


**47. цIакъ квешаб гIазаб буIине буго ахираталда жидеца гьеб ахират гьереси гьабун дунялалъул чIаголъи гьабулеллъун рукIарал гIадамазе. 48. Гьел гIадамал руго «нужеца Аллагьасе рукугI-сужда гьабун как бай» - абураб мехалъги жидеца Аллагьасе как баларел.**

**49. ЦIакъ квешаб гIазаб букIинаха Къитямасеб къоялъ жидеца Аллагь-авараг ва ахират гьереси гьабурал гIадамазе! 50. Гьеб хирияб Къуръаналда жидеца иман лъечIеб мехалъ, цоги щиб жоха бугеб гьел мушриказ жинда иман лъезе бугеб?**

**Сурату Ннабаи 78.**

Къиямасеб къоялъул бицунеб сурат.

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъого аят бугеб.




**I. Гьал мушрикаца цоцазда гьикъулеб ва гьез жиб лъазе тIалаб гьабулеб жо щиб бугеб?**

**2. Гьез гьикъулеб буго жиндир хIинкъи кутакаб Къиямасеб къоялъул хабаралдаса.** Гьезул цоял тIубанго ахират букIиналда жал божуларел руго, цогидал жал щакдарулел ругел руго. Гьезул цоцаде гьикъардиги Къиямасеб къоялда божуларого, гьелъул хабар бицунеб Къуръанги, жинца гьеб цIалулев аварагги махсароде гьавулеб гьикъарди букIана. Гьезул хабар нахъе чIван, гьезие хIинкъи кьун тIадегIанав Аллагьас абулеб буго:

**3. Гьеб къоялъул амруялъулъ жал цоцаде хилиплъунги ругеб.**

**4. Нужеца абухъе ва нужеда ракIалде кковухъе гьечIо амру. Жидеда нахъа цIакъ лъазе буго щиб жо бугеб гьеб Къиямасеб къо!**

**5. Цинги гьезда цIакъ лъазе буго кинаб гIазаб ва къварилъи жидеде гьеб къоялъ щолебали!**

**6. Дица нужее гьаб ракь гьабун гьечIищ лъимералъе кини гIадин. Нуж жинда тIад хьвадулеб ва нужее бокьараб хIалалъ гьеб ракьалдаса мунпагIат босулеб.**

**7. Ракьалда тIад кутакал магIал гIадин мугIрулги гьарун гьечIищ дица?**

**8. Дица нужги рижун руго кIиго тайпаялда.** Бихьиналги руччабиги.

**9. Нужер рахIатлъун ва хIалхьилъун макьуги гьабун буго.**

**I0. Нуж рахчулеб ретIел гIадин нужее сордоги гьабун буго.**

**II. Нужее ризкъи тIалаб гьабун, магIишат яшав тIалаб гьабун, нуж хьвадулеблъун къоги гьабуна дица.**

**I2. Дица нужеда тIад щулияб анкьго зобги гьабуна.**

**I3. Гьел зобалазда жиб цIакъ бакараб чирахъги гьабуна.**

**I4. Лъел цIурал накIкIаздаса дица цIакъ чвахун балеб цIадги базабуна.**

**I5. Гьеб цIадалдалъун дица ракьалдаса къватIибе бачIинабизе боцIуе кваназе херги, гIадамазе кваназе тIощелги.**

**I6. Керчал, бечедал ахалги рижинаризе.**

**I7. Жидер хIисаб-мизан ва жазаъ гьабизе халкъ тIаде бахъинабулеб къо жиндие заман цIараб, жиб букIин хIакъаб буго.**

**I8. Гьеб къо буго халкъ тIаде бахъинабизе Исрапил малаикас суралъуб пулеб. Цинги кинабго халкъ тIаде бахъун, къукъаби гьарун махIшаралде бачIунеб.**

**I9. Гьеб къоялъ зобалги рагьарал кавабазда релъун рукIуна.**

**20. Жидер бакIаздаса рахъун мугIрулги нахъе инарула. Гьел щибго жо гьечIеллъун лъугьуна: хIурлъун, гьавалъун лъугьуна.**

**2I ХIакълъунго жагьаннама буго жинца хъаравуллъи ккун бугеб.**

**22. Жидеца купру-ширк гьабулел чагIи жанире руссунеб бакIги буго гьеб жагьаннама.**

**23. Жиндие ахир гьечIеб халатаб, гIемераб заманалъ рукIуна гьел жужахIалда жанир.**

**24. Жидее гьогьенги букIунаро, гьекъезе лъимги букIунаро.**

**25. Гьезие букIунеб жо буго гьалдолеб, махIцараб хIамимги, жужахIалъул агьлуялдаса бецIцIун бачIунеб квешаб хьверд-рецIги.**

**26. Жидер куфрушаркалда рекъараб жазаъ буго Аллагьас гьезие гьабулеб.**

**27. Гьел гIадамал рукIана жидее хIисаб-мизан ва жазаъ букIине гьечIин абун рукIарал.**

**28. Жидеца дир хIалкIолъиялда тIоритIел гьабулел гIаламаталги, дир Къуръаналъул аяталги цIакъ гьересиги гьарулел рукIана.**

**29. Дица кинабго жо малаикзаби хъвазе риччан хъван нахъе цIунун буго.**

**30. Жидеца Аллагьасда инкар ккун, ахират гьереси гьабун хьвадаразде абизе буго: «Нужеца гьаб гIазаб чIаме! Нужее гьалдаги тIад гIазаб цIикIинабун гурони щибго бигьалъи букIине гьечIо» - абун.**

**3I. Аллагьасдаса хIинкъун, расуласда нахърилъеъун хьвадарал муъминзабазул ахираталда цIакъ кIудиял лъикIлъабазда квершел батизе буго.**

**32. Пихъил ва цIолбол цIурал ахал руго гьезие.**


**33. Жидеда гIел бащадал, гьанжего гьанже керен баккун гьеб къвакIун бугел руччабиги руго гьезие.**

**34. Жиб лазатаб ва бацIадаб хамродал цIурал лълъаралги руго. 35. Жидеда гьеб алжаналда жаниб щибго гIададисеб яги гьересияб хабарги ргIунаро.**

**36. Дур БетIергьан Аллагьасул рахъалъан бугеб жазаъ буго гьеб жив разиял муъминзабазе ва цIакъ берцинаб нигIматал кьейги буго.**

**37. Зобалазулги ракьалъулги ва кинабго махлукъалъулги БетIергьанав Аллагьасул нигIматал руго гьел. Жив цIакъ гурхIулев, жиндир рахIмат цIакъ гIемерав. Гьеб Къиямасеб къоялъ Аллагьасдехун кIалъазе кIолев щивго чи вукIунаро.**

**38. Гьеб къо буго Жабраил малаикги ва цогидал киналго малаикзабиги Аллагьасе мутIигIлъун, гьесие кIодолъи гьабун мухъалда чIун рукIунеб. Жиндие тIадегIанав Аллагьас изну кьурав чи гурони гьеб къоялъ кIалъаларо. Гьев кIалъалев чиги хIакъаб ргIи абун,** муъминзабазул гIасиязе шапагIат гьабун кIалъала.




**39. Гьаб буго жиб букIине букIин хIакъаб Къиямасеб къо! Жиндие лъикIаб ахират бокьарав чияс Аллагьасде вуссунеб ва унеб нух ккве!**

**40. Дица нужее хIинкъи кьолеб буго жиб гIагардаго бугеб гIазабалдалъун. Гьеб къо буго щивав инсан валагьулеб жинца дунялалда гьабураб гIамалалде. Гьеб къоялъ капурчиясги абула: «Вай Аллагь, дун тIадего вахъинавун вукIинчIевани, дун ракьлъунго хутIун вукIаравани!» - абун.**

**Сурату НназигIати 79.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда анлъго аят бугеб.

**I. Жидеца капурзабазул рухIал гурхIел гьечIого цIан рахъунел малаикзабихIаги абун гьедулев вуго Дун. 2. Жидеца муъминзабазул рухIал гурхIелалда, тамахго росулел малаикзабихIаги абунги гьедулев вуго Дун. 3. Аллагьасул амру босун зобалаздасан ракьалде рещтIунел, лъеда тIад лъедолел гIадин, хехго ва эркенго жал хьвадулел малаикзабихIаги абунги, 4. Муъминзабазул рухIал росун алжаналде ине цояздаса цоял ццере ккезе яхI бахъун гIедегIун унел малаикзабихIаги абунги гьедулев вуго Дун. 5. Аллагьасул амру жидеца халкъалда гьоркьоб хьвадинабулел, гьезул тадбир гьабулел малаикзабихIаги абунги гьедулев вуго Дун.**

**6. Къиямасеб къо чIола Исрапил малаикас суралъубе пун ракь кIобокIизабураб мехалъ.**

**7. Гьелда хадубги Исрапилас суралъубе пун хварал тIаде рахинарун махIшаралде ракIарараб мехалъ. 8. Гьеб къоялъ капурзабазул ракIал хIинкъун тIеркIолел ва карандаса къватIире кIанцIизе хIадурун рукIуна. 9. Гьезул беральги цIакъ хIинкъун ва Аллагьасе хIелун рукIуна.**

**I0. Гьел капурзабаца дунялалда ругеб мехалъ абула: «Ниж хун хадур тIаде рахъине гьарун нахъеги дунялалде руссинейищ гьарулел.**

**II. Ниж турарал рукьбилъун рукIун хадуриш тIаде рахъинарулел?» - абун.**


**I2. Жидеца абула: «Цинги гьеб тIаде рахъинари букIани ниж цIакъ гIадада хварал гIадамал рукIунаха!» - абун.** Ниж жужахIалъул цIадаре кола.

**I3.** Гьеб тIаде рахъинари ТIадегIанав Аллагьасе цIакъ бигьаяб амру буго. **Гьеб гьечIо Исрапил малаикас цохIо нухалъ суралъубе пуй гурони.**

**I4. Цинги гьеб кинабго халкъ махIшаралде рахъун, жидеде тIаде щиб амрудай бачIина абун хIинкъун ралагьун чIун рукIуна.**

**I5. Духъе Муса аварагасул къиса бачIана гуриш МухIаммад?**

**I6. Гьев Мусада «ТIува» абулеб, Аллагьас бацIцIад гьабураб кIкIалахъ вугеб мехалъ жиндир БетIергьан Аллагьас ахIана.**




**I7.** Муса аварагасда Аллагьасул рахъалъан абуна: **«Мун а ПиргIавнида ва гьесул къавмалда расуллъун. Гьев ПиргIавн цIакъ къосун, пасикълъун вуго.**

**I8. Дуца гьев ПиргIавнида абе: «Дуе бокьун гьечIищ дур мунагьаздаса вацIцIалъизе?**

**I9. Дица мун дур БетIергьан Аллагь лъаялде тIовитIизе, цинги мун гьев Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун гьесие гIибадат гьабулевги лъугьине?» - абун.**

**20. Мусаца гьесда кIудияб мугIжизат бихьинабуна.** Гьеб букIана гIансаялъул борохь лъугьунеб ва гьелъ сихIручагIазул гIунсбиги рухьбиги къулчIулеб магIжизат.

**2I. Цинги ПиргIавница Муса гьереси гьавуна ва жив Аллагьасде гIасилъана.**

**22. Цинги гьеб майданалдаса жив хехго нахъе ана.**

**23. Жиндирго гIакълучагIи, кумекчагIи данде гьарун гьезде хитIаб гьабун жинца вагIзаги гьабуна.**

**24. Пиргавница абуна: «Дун вуго нужер бищунго тIадегIанав БетIергьан!»-абун.**

**25. ТIадегIанав Аллагьас гьев ПиргIавн жиндир гIазабалдалъун ккуна гьес гьанже абураб ругIи сабаблъун ва гьелдаса цебеги абун букIараб ругIи сабаблъунги.** Гьеб ругIи буго ПиргIавница абураб: «Дун гурев нужер цоги Аллагь дида лъаларо» - абун.

**26. Гьаб ПиргIавн гьалаг гьавиялъул къисаялъулъ буго жив Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъулев чиясе гIибрат ва насихIат.**

**27. Нужищ ругел Аллагьасе рижине захIматала, яги гьал рорхатал, нужеда тIад тIох гIадин ругел зобалищ ругел?**

**28. Аллагьас гьел цIакъ эхеде рорхун руго ва жидер рижин щулияб, мухIканаб гьабун буго.** Гьелда жаниб щибго жагъаллъи-гъалатIлъиги гьечIо.

**29. Аллагьас гьел зобалазул сордо цIакъ бецIаб гьабуна ва гьезул къо жиндилъ нур ва гвангъи бугеб гьабуна.**

**30. Зобал рижун хадуб Аллагьас ракьги тIибитIана жинда тIад инсанас гIумру гьабизе санагIат бугеб хIалалъ.**

**3I. Жинца гьеб ракьалдаса хур-херги, лъиналги раккинаруна.**

**32. Аллагьас гьеб ракьалда тIад мугIрулги рахъун чIезаруна кутакал магIал гIадин.**

**33. Гьеб кинабго гьабуна нужеца ва нужер хIайваназ жиндаса мунпагIат босулеблъун.**

**34. Жиндир амру кинабго жяолдаса бергьараб ва захIматаб къо бачIараб мехалъ,**

**35. Гьеб буго щивав инсанасда жинца дунялалда гьабураб гIамал ракIалде щолеб къо.**

**36. Жидеда жо бихьулел гIадамазе гьеб къоялъ жужахIги загьир гьабула.**

**37. 38. 39. Жив къосаравлъун, дунялалъул чIаголъи жинца тIаса бищаравлъун вукIарав инсанасе гьев жаниве вуссунеб бакI буго жужахIалъул боркьараб цIа.**

**40. 4I. Жив Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъун, гьесда ццеве чIезе вукIин лъан, жинца нафс гьелъие бокьараб жо гьабиялдаса нахъе чIван хьвадарав инсан вуссунеб бакI нигIматазул алжан буго.**


**42. Дуда мушрикаца гьикъулеб буго, МухIаммад, Къиямасеб къо щиб жо бугеб ва гьеб кида чIолеб абун.**

**43. Дуда щиб жоха лъалеб гьеб Къиямасеб къоялъул хIакъалъулъ?44. Дур БетIергьан Аллагьасде буссунеб буго гьеб къоялъул гIелму-лъай.**

**45. Мун вугевго, МухIаммад, дуца хIинкъи кьолев Расул вуго гьеб ахират букIиналда божун гьелдаса жив хIинкъулев чиясе.**

**46. Къиямасеб къо жидеда бихьараб мехалъ гьелдасан хIинкъиялъул кутакалъ гьел мушриказда ракIалде ккола жал дунялалда чIаго рукIинчIин цо къоялъул радал гIужалъ, яги къаси гIужалъ гурони абун.**

Аллагьасул тавпикъалдалъун Сурату НназигIатиялъул тапсир ва таржама хъван тIубана.




**Сурату гIабаса 80.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб кIикъоялда кIиго аят бугеб.

**I. 2. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас гьумер букIкIинабуна цо беццав чи жиндихъе вачIараб мехалъ ва гьесие жаваб кьеялдаса вуссунги чIана.**

**3. Дуда щиб лъалеб, МухIаммад, гьев беццав чи ватизе бегьула цIакъго жив тIовитIун кколев, жиндир мунагьаздаса вацIцIалъун кколев.**

**4. Гьес дур вагIзаялда гIинтIамун, гьелдаса цIикIкIун мунпагIат босинеги бегьила.**

**5. 6. Жинца Аллагьасда иман лъечIого гьесдаса гIей гьабун жив чIухIун чIарав чиясулгун дуца хабар бицунеб буго ва гьев иманалде тIовитIизе бокьун дуца гьесие дагIватги гьабулеб буго.**

**7. Дуе щибго къварилъи ва кIалгьикъи гьечIо гьев капурчияс иман лъечIин абун.**

**8. 9. I0. Ва амма жив духъе цIакъ гIедегIун вачIарав, жив Аллагьасдаса хIинкъаравлъунги вугев чияс дудехун хитIаб гьабураб мехалъ, мун гьесие жаваб кьеялдаса вуссун чIолев вуго.**

**II. Дуца тIокIаб гьединаб иш гьабуге! Гьеб Къуръан буго жиндаса вагIза босине бугеб Аллагьасул калам. I2. Жиндие бокьарав чияс гьелдасан вагIза босула.**

**I3. I4. Гьаб Къуръан буго Аллагьасда аскIор даража тIокIал жал рацIцIадал кагътазда тIад хъван бугеб Аллагьасул калам.**

**I5. I6 Хириял аварагзабазда ритIунел малаикзабазул кодоре кьун Аллагьасул расуласухъе жал щвезарулел гьел Къуръаналъул аятал.**

**I7. Жив чIваяв ва Аллагьасул рахIматалдаса рикIкIад гьавеяв капурав инсан! Гьесул Аллагьасда ва гьесул гIемерал нигIматазда инкар кквеялъул гуч бихьуларищха!**

**I8. Гьадин чIухIун жив хьвадизе ккани гьев инсанас пикру щай гьабулареб жив щиб жоялдаса вижаравин абун.**

**I9. Манидал къатIраялдаса вижана Аллагьас гьев инсан, цинги эбелалъул чохьониб чанго батIияб сипаталда гьесул вижин къадар гьабуна.**

**20. Цинги лъимер гьабизе мех щведал гьеб лъимералъе дунялалде бачIине нухги хIадурана ва гьеб нух бигьаябги гьабуна. 2I. Жиндие бихьизе гьабураб гIумру тIубан хадуб дица гьев инсан хвезавуна ва ракьулъги вукъана.**

**22. Цингиги Аллагьасе бокьараб мехалъ гьев инсан хабалъа тIаде вахъинавула.**

**23. Мун Аллагьасда гIасиялъиялдаса нахъе чIвай, я гьав капурав инсан! Гьев инсанас жинда тIад къараб амру тIубачIо.**

**24. Гьев инсан кин валагьуларев Аллагьас жиндие ризкъилъун кьун бугеб батIи-батIияб тIагIамалде.** Ва гьелъул пикру гьабун Аллагьасе щукру щай гьабулареб?

**25. Дица зодиса гIемераб цIад рещтIинабуна. 26. Гьеб цIадалдалъун ракьги багъариабуна:** жинда тIад хур-хер бижине хIадур гьабуна. **27. Цинги гьеб ракьалда тIад щибаб мугь бугеб жо бижинабуна. 28. ЦIибил ва цогидаб пихъги бижинабуна, боцIуе херги бижинабуна. 29. Зайтуналъул ва чамастакил пихъги бижинабуна. 30. Керчал, бечедал ахалги, 3I. Гьуинал лазатал пихъалги, хIайваназе кваназе гIалахалда херги бижинабуна. 32. Гьаб кинабго жо бижанабуна нужее ва нужер хIайваназе ризкъилъун.**

**33. Къиямасеб къо тIаде щун жинца гIундул гIинкъ гьарулеб гучаб гьаракь бахъараб мехалъ** лъала инсанасда жив дунялалъул рукъов цIакъ мекъаб хIалалъ хьвадун вукIин ва жив ахираталъе чIового хутIун вукIинги. **34. Гьеб къоялъ инсан жиндирго вацасдасан лъутула. 35. Жиндир эбел-инсудасанги лъутула. 36. Жиндир чIужуялдасаги, лъималаздасаги лъутула.**

**37. Гьеб къоялъ щивав инсанасе букIуна жив цогидаздаса машгъул гьавулеб ургъел ва къварилъи. 38. Гьеб къяолъ цо гьурмал рукIуна жидеда нур бараллъун ва жал роххараллъун.**

**39. Жал роххун гьимулел ва цоцада жидер роххел бицунелги рукIуна.**

**40. Цогиги гьурмал рукIуна жидеда тIад кIкIуйги хIурги рекIун бугел.**




**4I. Жидеде тIаде бецIлъи ва чIегIерлъи бачIун ругел. 42. Гьел гIадамал руго жал дунялалъул рукъор куфру-ширкалда рукIарал, жидеца Аллагьасде гIасилъи ва гIадамазе зулму-пасалъи гьабулел рукIарал.**

**Сурату Ттаквир 8I.**

Маккаялда жиб рещтIинаабураб, жинда ;аниб къоло ичIго аят бугеб.

**I. Зодиса бакъул канлъи инеабураб гIужалъ.**

**2. Жидер бакIаздаса ротун цIвабиги нахъе араб гIужалъ.**

**3. Щулиял мугIрулги гьарщун гIодоре инеарураб гIужалъ.**

**4. Къинлъизе мех щварал варанабиги жидер милат гьабичIого гIалахалдаго тараб гIужалъ.**

**5. Киналго гIалхул хIайваналги жал хIинкъун цохIо бакIалде данде ракIарараб гIужалъ.**

**6. Киналго ралъадалги жал цIалъун лъугьун лагь-лагьиялда рукIунеб гIужалъ.**

**7. ЛъикIалги квешалги гIадамал цоцаздаса ратIа гьарун,** лъикIал гIадамал алжаналда жанир ва квешал гIадамал жужахIалде жанир данде гьарураб мехалъ.

**8. 9. Жий чIаго ракьулъ юкъун йикIарай гьитIинай ясалдаги гьикъулеб гIужалъ: «мун щиб мунагь букIун чIагого ракьулъ юкъун йикIарай» - абун.**

**I0. Жидер гIамал хъварал кагъталги тIиритIун гьезда ццере лъедал. II. Жидер бакIалдаса рахъун зобалги нахъе росараб гIужалъ, I2. Кутакалда жужахIалъул цIаги боркьараб гIужалъ.**

**I3. Муъминзабазде алжанги цIакъ гIагарде бачараб гIужалъ. I4. Гьал гIаламатал жиндир ругеб Къиямасеб къоги чIун БетIергьан Аллагьасда ццере махIшаралда рахъун чIезарураб мехалъ щибаб напсалда лъазе буго жинца дунялалда гьабун букIараб гIамал. I5. Дун гьедулев**

**вуго,** дие бокьун гьедизе тIадаб гьечIониги, **жал раккулеб мехалъ жидер канлъи загIипал, бакъ баккидал жидер кунчIи тIагIунел, I6. Зобалазда жал хьвадулел, цинги жал тIерхьун ун жидерго рукъзабахъе рахчулел цIвабзаздалъун. I7. Жиб бецIлъараб сордоялдалъунги,**

**I8. Жиндир канлъи загьираб къоялдалъунги гьедулев вуго тIадегIанав Аллагъ:**

**I9. Гьаб МухIаммадица цIалулеб Къуръан Жабраил малаикас гьесухъе бачIараб Аллагъасул калам буго.**

**20. Жиндир къуват-гуч бергьарав гьев Жабраил, жиндир БетIергьан Аллагъасда аскIов къадру-къимат бугев.**

**2I. Зобалазда ругел малаикзабиги жиндие мутIигIав, аварагзабазде вахIю босун витIизе жинде Аллагъас божилъи гьабурав.**

**22. Гьав нужеде витIарав авараг жундуца ккурав, жиндир гIакълу хисарав чи гьечIо.**

**23. БичасхIаги гьав МухIаммад аварагасда Жабраил малаик вихьана бакъ баккул рахъалда зобалазул тIалъиялда.**

**24. Гьев МухIаммад аварагас жинда вахIю гьабураб жо бахчун толаро, гьеб умматалъухъе щвезабизе жив бахиллъуларо.**

**25. Гьев МухIаммадица цIалулеб Къуръан жиб Аллагъасул рахIматалдаса рикIкIад гьабураб щайтIаналъул рагIиги гьечIо.**


**26. Гьал мушрикал щиб нухалъ хьвадулел гьаб Къуръанги, гьеб жинда рещтIинабурав аварагги жидеца гьереси гьавун?**

**27. 28. Нужедаса Аллагъасул битIараб дин босун, гьесул нухалда хьвадизе бокьарал гIадамазе жинца мунпагIат гьабулеб буго гьеб Къуръан.**

**29. Нужеда лъикIаб гIамал гьабизе ва хIакъаб диналда чIезе кIоларо тIадегIанав Аллагъасул тавпикъ-квербакъи букIун гурони. Кинабго махлукъалъул жинца тадбир гьабулев, гьеб махлукъалъул жив цогояв хан вуго гьев Аллагъ.**

**Суратул ИнфитIари 82.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила ичIго яат бугеб.




**бакIаздаса рортун араб мехалъ. 3. ралъадалги цоцазде тIаде кIанцIун, цохIо ралъад гIадин лъугьараб мехалъ.**

**4. Хварал гIадамал жанир рукIарал хобалги рагьун гьенир жанир рукIарал гIадамал ракьул мугъалда тIаде рахъараб мехалъ.**

Гьал руго Къиямасеб къо чIеялъул гIаламатал. Гьал гIаламатал загьирлъараб мехалъ ва жив махIшаралде вахъун ТIадегIанав Аллагъасда цеве эхетун чIараб мехалъ - **5. Щибаб напсалда лъазе буго жинца дунялалъул рукъоб гьабураб кинабго гIамал, жинца гьабичIого тараб гIамалги.**

**6. Я гьав инсан! Мун щиб жоялъ гуккун вугев дуда гурхIулев, дуе жинца гIемерал нигIматал кьолев, сахаватав, цIобал гIатIидав Аллагъасде мун гIасилъизе ккани?**

**7. Гьев БетIергьан Аллагъ вуго гурищ жинца мун вижарав, дуе берцинаб черх гьабун, чIурканал лугбал гьарун, кинабго жиндир махлукъалдаса хира гьавун мун хьихьарав.**

**8. Жиндие бокьараб хIалалъ берцинаб сипат-сураталда вижана Аллагъас мун.**

**9. Гьадин бугониги гьел мушрикаца Аллагъасда иман лъолеб гьечIо, гьесул динги гьереси гьабулеб буго.**

**I0. II. БичасхIаги нужер щивав инсанасда цадахъ жидеца гьезул гIамал хъвалел малаикзаби руго.**

**I2. Гьезда лъала нужеца гьабулеб кинабго гIамал.**

**I3. БичасхIаги Аллагьасда иман лъун, аварагасда нахърилълъун жидеца лъикIаб гIамал гьабурал муъминзаби алжаналъул нигIматазулъ рукIине руго.**

**I4. Жидеца Аллагьасда инкар ккун куфру-ширк гьабун хьвадарал гIадамал жиб боркьараб жужахIалъул цIадар рукIине руго.**

**I5. Жидеца гьареси гьабураб Къиямасеб къоялъ лъугьинарула гьел жужахIалде.**

**I6. Гьезие гьеб жужахIалдаса рорчIине бакIги гьечIо.**

**I7. Дуда щибха лъалеб, я гьав инсан, гьаб Къиямасеб къо щиб къо бугеб?**

**I8. Жегиги дуда гьеб къо щиб къо бугеб лъаларо.**

**I9. Гьеб къо буго цониги напсалда кIолареб жиндиего, яги цогидаб напсалъе лъикIлъи гьабизе, яги жиндаса зарал нахъе чIвазеги. Кинабго амру ва хIукму гьеб къоялъ букIуна цохIого тIадегIанав Аллагьасе.**

**Сурату МутIафифина 83.**

ЦIадиро-къали мукъсан гьабулел гIадамазул бицунеб сурат.


Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб лъебералда анлъго аят бугеб.

**I. Квешаб гIазаб ва гьалаглъи буго жидеца боцунеб ва цIалеб жо** (цIадиро ва къали) **мукъсан гьабулел гIадамазе.**

**2. Гьел гIадамал руго жидеца гIадамаздаса жидее борцунеб ва цIалеб мехалъ къали ва цIадиро камил гьабун тIубазабулел.**

**3. Жидеца гIадамазе борцунеб яги цIалеб мехалъ гьеб жоялдаса тIаса камизабулел.**

**4. 5. Гьал гIадамазда ракIалдего кколеб гьечIищ жиндир хIинкъи кIудияб Къиямасеб къоялъ жал тIаде рахъинаризе рукIин.**




**6. Гьаб буго гIадамал жидер хIисаб-мизан гьабизе кинабго махлукъалъул БетIергьан Аллагьасда ццере рахъунеб къо.**

**7. Жал хIинкъа абе гьал цIадиро-къали мукъсан гьабулел гIадамал, Аллагьасул гIазабалдаса! Жидеца Аллагьасде гIасилъи гьабулел, жидер гIамал къабихIал гIадамазул гIамал хъварал кагътал бищунго гIодобегIанаб сижин абулеб бакIалда руго.**

**8. Дуда лъаларо, я гьав инсан, щиб жо бугеб гьеб сижин! 9. Жиб хъван тIубараб, жиб хисинабулареб квешал гIамалал тIад хъвараб кагъат букIунеб бакI буго гьеб.** ЖужахIалъул бищунго гъоркьияб тIала бугоянги абуна. **I0. II. ЦIакъ квешаб гIазаб ва гьалаглъи букIуна гьеб къоялъ жидеца ахират гьереси гьабулеллъун рукIарал капурзабазе.**

**I2. Гьеб ахиратги гьереси гьабуларо жив гIорхъолъан ворчIарав, гIасияв, пасикъав, жиндир мунагьал гIемерав чияс гурони.**

**I3. Жиндие дир Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ жинца абулев: «Гьал руго ццереселго гIадамаз ургъарал гьересиял къисаби» - абун.**

**I4. Жив хIинкъа абе гьав къосарав чи, гьадинаб рагIи абизе! Гьел гIадамал Аллагьасда инкар ккун чIеялъе сабаб буго жидер мунагьал гIемерлъун жидер ракIазда тIад квешаб хъал лъугьун букIин.**

**I5. Гьал гIадамал жидер гIасилъи-пасикълъиялдаса русса абе! Нагагь жидер куфру-ширкалда гьел хвани, гьезда Къиямасеб къоялъ жидер БетIергьан Аллагь вихьуларо.**

**I6. БичасхIаги, цингиги гьел лъугьинарула жужахIалде жанире.**

**I7. Цинги гьездаги абула: «Гьаб буго нужеца жиб гьереси гьабулеб букIараб жужахIалъул гIазаб» - абун. I8. Гьел квешал капурзабиги, жидер гIамал берцинал муъминхзабиги цого даражаялда гьечIо тIадегIанав Аллагьасда аскIор! ЛъикIал муъминзабазул гIамал тIад хъварал кагътал ГIилиюналда руго.**

**I9. Дуда лъаларо, я гьав инсан, гьеб ГIиллиюн щиб жо бугеб? 20. Гьеб буго лъикIал гIамалал жинда тIад хъван, жинда тIад накъищ гьабурал муъминзабазул кагъат букIунеб бакI. 2I. Гьеб кагъаталъе нугIлъиги гьабула ва гьеб цIунун букIуна Аллагьас жинда гIагар гьарурал, жал хириял малаикзабаз. 22. ХIакълъунго дунялалъул рукъоб жидеца Аллагь разилъи тIалаб гьабун хьвадарал гIадамал ахираталда алжаналъул нигIматазда жанир рукIине руго.**

**23. ЧIухIарал, рорхатал тахазда тIад гIодорчIун Аллагьас жидее кьурал берцинал ва гIемерал нигIматазда балагьун,** гьездасан бер ва ракI боххун рукIуна. **24. Гьезул гьурмазда дуда бихьала ва лъала гьел нигIматазул берцинаб гIаламат ва роххалил нур.**

**25. Гьезие гьекъезе кьола жинда тIад мугьру чIвараб, жиб бацIцIадаб ва лазатаб гьекъел.** «РахIикъ»-абун жинца цIар бугеб, жиндир тIагIан-махI цIакъ гьуинаб.

**26. Гьеб гьекъелалъул ахиралда мискалъул махI букIуна.** Дунялалъул гьекъолеб жо гIадаб кьогIаб, махI квешаб букIунаро. **Гьаб бугоха лъикIаб жо тIалаб гьабулел гIадамал жиб тIалаб гьабизе цоцаздаса ццере ккезе яхI бахъизе мустахIикъаб лъикIлъи!**

**27. Алжаналъул гьекъолел жалазда гьоркьоб тасним абулеб иццалъул лъимги жубан букIуна.**


**28. Гьеб буго Аллагьас жинда гIагар гьарурал, жидер даража-макаъм тIадегIанал аварагзабаца, шагьидзабаца ва цогидал Аллагьас жал тIаса рищарал муъминзабаца жиндасан гьекъолеб алжаналъул гьекъел.**

**29. Дунялалда ругеб мехалъ куфру-ширкалда ругел гIадамал муъминзабазде тIад релъанхъулел рукIана. 30. Гьел муъминзаби жидеда аскIосан унеб мехалъ берал къинкIун цоцазде ишара гьабун, гьел махсароде гьарулелги рукIана. 3I. Жидерго агьлу-хъизаналъузхъе гьел къосарал гIадамал роххун, жидее кеп щун тIад руссунелги рукIана. 32. Жидеда муъминзаби рихьараб мехалъ гьез абулеб букIана: «БичасхIаги гьал гIадамал руго жал къосарал гIадамал!» - абун.**

**33. Гьел капурзаби гьечIо муъминзабазул гIамалал цIехезе ва гьезие хъаравуллъи гьабизе ритIарал гIадамал.**

**34. 35. Гьанже ахираталда муъминзаби руго алжаналда жанир чIухIарал тахазда тIад гIодорги чIун, жужахIалде унел капурзабазда ралагьун гьезда тIад релъанхъулел.**

**36. Гьел капурзабазул гIамалазда рекъараб жазаъ гьабичIищха Аллагьас гьезие?** гьабуна Аллагьас гьезул гIамалалда рекъараб жаза.


الجزء الثلاثون سورة الانشقاق

فَٱلْيَوْمَ ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ مِنَ ٱلْكُفَّارِ يَضْحَكُونَ ﴿٣٤﴾ عَلَى
ٱلْأَرَآئِكِ يَنظُرُونَ ﴿٣٥﴾ هَلْ ثُوِّبَ ٱلْكُفَّارُ مَا كَانُوا۟ يَفْعَلُونَ ﴿٣٦﴾

سُورَةُ الانشِقَاقِ

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

إِذَا ٱلسَّمَآءُ ٱنشَقَّتْ ﴿١﴾ وَأَذِنَتْ لِرَبِّهَا وَحُقَّتْ ﴿٢﴾ وَإِذَا ٱلْأَرْضُ مُدَّتْ
﴿٣﴾ وَأَلْقَتْ مَا فِيهَا وَتَخَلَّتْ ﴿٤﴾ وَأَذِنَتْ لِرَبِّهَا وَحُقَّتْ ﴿٥﴾ يَٰٓأَيُّهَا
ٱلْإِنسَٰنُ إِنَّكَ كَادِحٌ إِلَىٰ رَبِّكَ كَدْحًا فَمُلَٰقِيهِ ﴿٦﴾ فَأَمَّا مَنْ أُوتِىَ
كِتَٰبَهُۥ بِيَمِينِهِۦ ﴿٧﴾ فَسَوْفَ يُحَاسَبُ حِسَابًا يَسِيرًا ﴿٨﴾ وَيَنقَلِبُ
إِلَىٰٓ أَهْلِهِۦ مَسْرُورًا ﴿٩﴾ وَأَمَّا مَنْ أُوتِىَ كِتَٰبَهُۥ وَرَآءَ ظَهْرِهِۦ ﴿١٠﴾ فَسَوْفَ
يَدْعُوا۟ ثُبُورًا ﴿١١﴾ وَيَصْلَىٰ سَعِيرًا ﴿١٢﴾ إِنَّهُۥ كَانَ فِىٓ أَهْلِهِۦ مَسْرُورًا ﴿١٣﴾
إِنَّهُۥ ظَنَّ أَن لَّن يَحُورَ ﴿١٤﴾ بَلَىٰٓ إِنَّ رَبَّهُۥ كَانَ بِهِۦ بَصِيرًا ﴿١٥﴾ فَلَآ أُقْسِمُ
بِٱلشَّفَقِ ﴿١٦﴾ وَٱلَّيْلِ وَمَا وَسَقَ ﴿١٧﴾ وَٱلْقَمَرِ إِذَا ٱتَّسَقَ ﴿١٨﴾
لَتَرْكَبُنَّ طَبَقًا عَن طَبَقٍ ﴿١٩﴾ فَمَا لَهُمْ لَا يُؤْمِنُونَ ﴿٢٠﴾ وَإِذَا قُرِئَ
عَلَيْهِمُ ٱلْقُرْءَانُ لَا يَسْجُدُونَ ﴿٢١﴾ بَلِ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ يُكَذِّبُونَ
﴿٢٢﴾ وَٱللَّهُ أَعْلَمُ بِمَا يُوعُونَ ﴿٢٣﴾ فَبَشِّرْهُم بِعَذَابٍ أَلِيمٍ ﴿٢٤﴾

الجزء ٢٩ ٥٩

سجدة

٥٨٩

**Сурату Иншикъакъ 84.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб къоло щуго аят бугеб.

**I. Къиямасеб къоялъул къварилъи-балагьалдаса хIинкъун зобал рихъун араб мехалъ.**

**2. Гьел ТIадегIанав Аллагьасул амруялдаги мутIигIлъараб мехалъ. Гьесие мутIигIлъизе хIакъаб ва тIадаб буго зобалаздаги, цогидаб кинабго махлукъалдаги.**

**3. 4. Кинабго ракьги битIараб майданлъун лъугьараб мехалъ, гьеб ракьалъ жинда жанир рукIарал гIадамалги жиндир мугъалда тIаде рехараб мехалъ,**

**5. Гьеб ракьги Аллагьасул амруялъе мутIигIлъараб мехалъ, гьедин мутIигIлъизе хIакъаб ва тIадаб буго гьеб ракьалда ва цогидаб кинабго махлукъалдаги.**

**6. Я гьав инсан! Мун цIакъ гIамал гьабулевлъун, гьеб гIамал гьабулаго дуда гIакъуба къварилъи бихьулевлъунги вуго, мун хун дур БетIергьан Аллагьасде данде чIвазегIан.**

**7. 8. Жиндир гIамал хъварал кагътал кваранаб рахъалъан кьурал гIадамазул хIисаб цIакъ бигьаго ва хехго гьабула.**

**9. Гьев алжаналда жанив жиндир агьлуялда аскIовеги вуссуна жив цIакъ вохаравлъун.**

**I0. II. Ва амма жиндир гIамал хъварал кагътал мугъалда нахъаса жиндихъе кьурав чи гьеб къоялъ «Вай дие бугеб къварилъи!» - абун ахIдолев вукIуна.**

**I2. Гьедин ахIделаго малаикзабаз гудрал-рахсаз вухьун жужахIалде жанивеги рехула.**

**I3. Гьев капурчи дунялалда жиндир агьлу-хъизангун цадахъ цIакъ вохун, рахIат-лазаталда вукIана.**

**I4. Гьесда ракIалдеги кколеб букIана жив тIаде вахъинавун Аллагьасде дандчIвазе гьечIин абун.**

**I5. Вуссинавизе вуго щивав инсан Къиямасеб къоялъ жиндир БетIергьан Аллагьасде! Щивав инсанасул гIамал жинда лъалев ва бихьулев вуго гьев БетIергьан Аллагь.**

**I6. Бакъ тIерхьун хадуб букIунеб багIарлъиялхIаги абун гьедулев вуго дун.**

**I7. СордоялхIаги, гьеб сардил бецIлъи тIаде бачIараб жоялхIаги абунги гьедулев вуго.**

**I8. Жиб цIун, жиндир нур камиллъараб моцIалхIаги абунги гьедулев вуго дун.**

**I9. Ахираталда нужеда дандчIвазе руго цоязда тIад цоял ругел балагьал ва къварилъаби.**

**20.** Гьаб кинабго махлукъги бихьулеб бугелъул, жидеца Аллагь цо вукIиналда тIоритIел гьабулел гIемерал гIаламаталги ругелъул, **гьал капурзабазе бугеб жо щиб бугеб гьез Аллагьасда иман лъечIого букIине ккани?**

**2I. Жидее ТIадегIанав Аллагьасул калам Къуръаналъул аятал цIалараб мехалъ гьез суждаги щай гьабулареб?** Гьаб бакIалда сужда гьаби сунатаб буго.

**22. Гьел капурзабазул тIабигIат-гIамалго буго жидеца гьереси бицунел рукIин.**

**23. Аллагь жинда лъалев вуго гьел капурзабаца рекIелъ жанир рахчун ругел аварагасде ва муъминзабазде тущманлъи гьабулел пикраби.**

**24. Дуца гьезда рохел бице, МухIаммад, жидее букIунеб жужахIалъул гIазабалдалъун.**

---

Аллагь разилъаяв Абугьурайратидаса хIадис бицана:


Расулуллагьас ﷺ абуна: ***«Нужеца жамагIаталъе как балеб мехалъ как бигьа гьабе (къокъ гьабе): Гьеб жамагIаталда гьоркьор загIипал, унтарал, херал*** ва цогидалги жидер хIажат бугел ***гIадамал рукIуна. Жинцаго как балеб мехалъ бокьанагIан халат гьабе!» - абун.***

ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

ГIабдуллагьил вас Жариридаса (ра) хIадис бицана:

Расулуллагьас ﷺ абуна: ***«ГIадамазда гурхIуларев чиясда Аллагьги гурхIуларо» - абун.*** ХIадис Муслиица ва Бухарияс (ра)бицана.

Аллагьас нилъер ракIазулъ гурхIел - рахIму лъеги ва нилъер ракIал имналдалъун тамах гьареги. Амин.




**25. Жидеца Аллагьасда иман лъун, аварагасда нахърилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзабазе букIине гьечIо гьеб жужахIалъул гIазаб. Гьезие букIине буго жиндалъун бадибчIвай гьабулареб, жиб даимаб Аллагьасул ажру,** Гьеб буго нигIматазул алжан ва Аллагь разилъи.

**Суратул Буружи 85.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб къоло кIиго аят бугеб.

**I. ЦIваби жиндилъ хьвадулел нухазул бетIергьанал зобалхIаги абун гьедулев вуго Аллагь.**

**2.Жиб букIине къотIи гьабураб Къиямасеб къоялхIаги абунги гьедулев вуго.**

**3. Жинца нугIлъи гьабулеб ва жиндие нугIлъи гьабулеб жоялхIаги абунги гьедулев вуго Алллагь.** жидеца уммутазе нугIлъи гьабулел аварагзаби руго, жидее нугIлъи гьабулел умматал руго.

**4.** Гьаб гьа гьедун тIадегIанав Аллагьас квешаб дугIа гьабулеб буго жидеца хандакъал рахъун, гьениб жаниб цIа бакун муъминзабазе гIазаб гьавбулел рукIарал капурзабазе: **гьел хандакъазул бетIергьабазде балагь щвайги ва гьезие Аллагьасул лагIнат буго!**

**5. Гьел руго жидеца кутакаб цIа бакун букIарал.**

**6. Гьеб цIа сверухъе хандакъазда тIад жал гIодорчIунги рукIарал.**

**7. Цинги жал балагьун рукIарал жидер забаниятаз муъминзабазе гьабулеб бугеб гIакъуба-гIазабалде.**

**8. Жидеда гьел муъминзабаздаса бихьараб щибго квешлъиги букIинчIо гьез иман лъун букIин гуреб жиндир къуват гуч бергьарав, жив веццарав, кинабго реццалъе мустахIикъав Аллагьасда.**

**9. Гьев Аллагь вуго киналго зобалазулги ракьалъулги ханлъи жиндие бугев. Гьев Аллагь вуго жинда кинабго жо лъалев, жив лагъзадерил гIамалазе нугIлъун вугев.**

**I0. Жидеца муъминал бихьиназе ва руччабазе питна гьабурал гIадамал:** гьел жидер диналдаса руссинарурал, гьезие гIазаб гьабурал, **цинги жидеца тавбуги гьабичIел – гьел гIадамазе жужахIалъул гIазаб букIине буго жидер куфру-ширкалде данде. Гьезие жидеца муъминзаби цIадаре рехун рухIиялъул гIазабги букIине буго.**

**II. Жидеца Аллагьасда иманги лъун, гьесул расуласда нахъги рилълъун, лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназул ахал рукIине руго. Гьеб буго цIакъ кIудияб лъикIлъиялда кверщел бати ва абадияб бахьи буголъи.**

**I2. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагьасул ццим боси ва гIазаб гьаби цIакъ гучаб буго.**

**I3. Гьев Аллагь вуго жинца кинабго халкъ авалалда бижарав, ва ахираталдаги гьеб гIалам тIаде бахъинабун жинда бусинабизе бугев.**

**I4. Гьев Аллагь жиндие муъминзаби рокьулев ва гьезул мунагьал чурулев вуго.**

**I5 Жиндир кинабго махлукъалъул бищунго кIудияб ва гIажаибаб ГIарщалъул БетIергьанги вуго гьев Аллагь.**

**I6. Жиндие бокьараб иш жиндие бокьараб хIалалъ гьабулевги вуго.**

**I7. Духъе хабар бачIинчIищ, МухIаммад, капурзабазул гIемерал боязул** Аллагьасде инкар ккурал, ва аварагзабазде данде рагъ гьабизе жал къваире рахъарал?

**I8. ПиргIавнил, самудиязул ва цогидалги къавмазул.**

**I9. Гьел киналго къавмазул гIадат буго жидеца Аллагьги аварагзабиги, ахиратги гьереси гьабулеб.**

**20. Ва амма ТIадегIанав Аллагь кинабго рахъалъан гьезда сверун лъугьун буго.**

**2I. Гьел мушириказ гьереси гьабулеб жо жиндир къадру-къимат кIудияб Къуръан буго.**


**22. Анкьабго зобалда тIад бугеб ЛавхIулмахIпузалда цIунун бугеб буго.** Жиндие щибго хисбас букIунаро ва жиндие зарал гьабизе кIолеб жоги букIунаро, цохIо Аллагьас жиндие бокьараб жо хисизе гьабун гурони. Гьаб ЛавхIулмахIпузалъул бицен гьабун буго Суратул РагIдиялъул 39 абилеб аяталда жанибги. Гьелъул хIакъикъат лъазе нилъеда кIоларо Аллагьас бицараб хIалалъ гьелда иман лъун гурони.

Цо гIалимзабаца абуна: ЛавхIулмахIпуз буго Аллагьас махлукъ бижун гьеб махлукъалъулъ гьабулеб кинабго тадбир ва хIукму-къадар жинда тIад хъвараб тIехь.

**Сурату тIтIарикъи 86.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила анкьго аят бугеб.

**I. ЗобалхIаги абун, гьенир ругел къаси жал загьирлъулел, къад рахчун рукIунел цIвабиялхIаги абунги гьедулев вуго дун.**




**2. Дуда лъаларо, МухIаммад, щиб жо бугеб «АтIарикъ» абураб жо.**

**3. Гьеб буго жинца бецIлъаби рорлъун, жиндир нур загьирлъулеб цIва.**

**4. Гьаб гьа гьедун Аллагьас абулеб буго цониги напс гьечIо жиндир гIамал хъвалев малаик жинда цадахъ вугеб гурони абун.**

**5. Щивав инсанас пикру гьабеян абе жив щиб жоялдасадай вижанаян абун.**

**6. Гьев инсан вижана жиб кIанцIун бачIунеб, лъималда релъараб манидал къатIраялдаса.**

**7. Гьеб мани данделъула бихьинчиясул гьодалда жаниб ва чIужугIаданалъул каранзул рукьбузда жанибги,** цинги гьеб къватIибе бачIуна бихьиназул ва руччабазул гIавраталдаса.

**8. Гьединаб загIипаб маниялдаса жинца инсан вижарав Аллагь, гьев инсан хун хадув тIаде вахъинавизе жиндир хIал кIолев вуго.**

**9. Киналго пардавалги ортун балъголъаби загьираллъун лъугьунеб къо буго гьеб къиямасеб къо.**

**I0. Гьеб къоялъ инсанасул щибго къуват букIунаро жиндаса гIазаб нахъе чIвазе. Жинца гьесие квербакъи гьабулев чиги вукIунаро.**

**II. Жидедасан цоялда хадуб цогиги нухалъ цIадал чвахулел зобалхIаги абун гьедулев вуго Аллагь. I2. Жиб бихъун, хъвалхьун гьеб цIад бараб мехалъ жиндасан къватIибе хур-хер бижулеб ракьалхIаги абунги гьедулев вуго.**

**I3. ХIакълъунго гьаб Къуръан буго жинца хIакъабги, батIулабги жо батIа гьабулеб,** хIалалаб, хIарамаб жо баян гьабулеб **тIадегIанав Аллагьасул калам. I4. Гьаб къуръан гьечIо гIададисеб, батIулаб, махсарояб жо жинца бицунеб тIехь. I5. Гьел муширикаца дуе цIакъ макро хIила гьабулеб бугоха МухIаммад! I6. Дицаги гьабулеб буго гьезие цIакъ кIудияб макру.**

**I7. Дуца гьел капурзаби нахъе рахъун те МухIаммад! Гьел хеккого гьалаг гьари тIалаб гьабуге дуца.** Дуда нахъа бихьизе буго кинаб гIазаб ва къварилъидай гьезда щвела абун.

**Суратул АгIла 87.**

Маккаялда жиб рещтIинабураб, жинда жаниб анцIила ичIго аят бугеб.

**I. Дуца дур БетIергьан вацIцIад гьаве МухIаммад, Жив кинабго жоялдаса TIадегIанав ва кIудияв, 2. Гьев БетIергьан Аллагь** вуго жив вацIцIад гьавизе мустахIикъав ва жиндие лагълъи гьабизе тIадав: **Жинца гьаб кинабго махлукъ бижарав ва гьелъул бижин камилго, берцинго гьабурав.**

**3. Щибаб жоялъе хIажатаб жо къадар гьабурав ва щибаб жо жиндие маслихIатаб жоялда тIобитIарав.** Инсанасе, хIайваназе, хIатта хур-хералъецин жиндир чIаголъи цIунизе сабабал рекъезе гьарурав ва гьел сабабазда гьел кантIизе гьарурав. Хоноги бекун къватIибе бачIунеб тIинчIалда гьеб бакIалда батараб рухIчIаголъиялда гозо кIутIизе лъазе гьабурав. Алхул хIайваналъ гьабун гIодобе бортараб тIинчI гьеб лахIзаталъ эбелалъул керен хахизе унеблъун гьабурав.

**4. 5. Жинца гIурччинаб, берцинаб хер-тIегь бижинабулев, цинги гьеб хер жиб бакъвараб, чIегIераб, турараб жолъун гьабун ракьалде гьарщинабулев.**

**6. Дица дуе гьаб хирияб Къуръаналъул аятал цIализе руго, МухIаммад, дуда гьал аятал кIочонге ва дуца гьел ракIалда цIунун умматалъухъе щвезаре!**

**7. Аллагьасе кIочене бокьараб, гьес цIали насхо гьабураб жо кIочела дуда. Гьев Аллагь жинда лъалев вуго лагъзадерица загьирго гьабулеб ва балъго гьабулеб кинабго гIамал.**

**8. Дица дуда лъазабизе буго жиб цIакъ бигьаяб шаригIат.** Гьаб исламияб дин буго киналго Иллагьиял диназул бищунго бигьаяб дин.

**9. Дуца гьаб Къурьаналдалъун вагIза гьабе МухIаммад, гьеб вагIзаялъ мунфагIат гьабулел гIадамазе. I0. Гьеб Къурьаналъул вагIза босизе буго Аллагьасдаса жал хIинкъарал муъминзабаз.**


**II. I2. Гьеб Къурьаналдаса рикIкIалъизе вуго жиндир бахьи къосарав, жив кIудияб жужахIалъул цIадаве рехулев чи.**

**I3. Цинги гьев гьеб цIада жанивги вукIуна: жив хун хIалхьиги гьечIого, жив чIаго вуго абун рахIатги гьечIого.**

**I4. Жидер бахьи буголъарал ва лъикIлъиялда квершел батарал руго жидеца иман лъун ва тавбо гьабун жидер напс бацIад гьабурал гIадамал. I5. Жидеца Аллагь гIемер рехсон гьесие какалги ралел.**

**I6. Амма капурзабаца дунялалъул чIаголъи тIаса бищун буго. I7. Ахират буго жиб даимго нахъе хутIулеб ва жиб тIаса бищине лъикIаб рукъ.**

**I8. Гьаб сураталда жанир рехсарал вагIзаби бичасхIаги цересел тIахьаздаги жал ругел вагIзаби руго. I9. Ибарагьим аварагасухъе ва Муса аварагасухъе кьурал тIахьазда руго гьел вагIзаби.**




**Суратул Гъашияти 88.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб къоло анлъго аят бугеб.

**I. Духъе бачIана гурищ МухIаммад, жинца киналго гIадамал ургъел къварилъиялъулъ ва кIудияб хIинкъиялъулъ тIерхьинарулеб къиямасеб къоялъул хабар.**

**2. Гьеб къоялъ цо гIадамазул гьурамал рукIуна цIакъ Аллагьасе хIелараллъун.**

**3. Жидеца захIматаб гIамал гьабулел, жидеда цIакъ гIакъуба бихьунелги рукIуна.**

**4. Боркьараб жужахIалъул цIадаре лъугьинарула гьел гIадамал.**

**5. Гьезда цIакъ бухIараб махIцараб иццул лъимги гьекъезабула.**

**6. Гьезие тIагIанги гьечIо цIакъ квешеб, загьрояб зазил тIагIан гурони.**

**7. Гьеб тIагIаналъ гьезие черхалда рухIги бачIунаро, жидедаса ракъиги нахъ чIваларо. Гьеб тIагIан кванайго гIазаблъун букIина гьезие.**

**8. Гьеб къоялъ цо гьурмал цIакъ берцинал, жидеда нур бугел, жал разиял рукIуна.**

**9. Жидеца дунялалда гьабураб гIамалалда разилъунги рукIуна гьел.**

**I0. ТIадегIанал алжаназулъги рукIуна.**

**II. Гьел алжаназда жаниб щибаго гIададисеб хабарги ргIунаро.**

**I2. Гьел алжаназда жаниса чIвахулел иццалги рукIуна.**

**I3. Гьенир рорхатал, чIухIарал тахалги рукIуна.**

**I4. Гьенир алжаналъул гьекъолел жал гьекъезе гIодорлъун гIарац меседалъул лълъаралги рукIуна.**

**I5. Мухъалда лъун хIулидал къандалъабиги рукIуна; жидеда тIаде хьибил чIван хIалхьи гьабизе.**

**I6. Гьенир цIакъ чIахIиял ва берцинал думалги (тIансабиги) тIиритIун рукIуна.**

**I7. Гьал Маккаялъул мушрикал кин ралагьуларел гьал варанабазда ва жидеца пирку щай гьабулареб Аллагьас киндай гьел рижун руго абун.** ГIарабиязе бищунго бокьулеб ва гьезул аслияб магIишат-яшав жидеда хурхарал жал варанаби ругелъул, ТIадегIанав Аллагьас гьел гIарабиязда абулеб буго: Гьал нужер щивасул рукъор ругел, нужеца жидедаса гIемер батIи-батIияб мунпагIатги босунел варанабазул пирку кин нужеца гьабулареб, нужеда Аллагьасул къудрат ва хIалкIолъи бичIине абун.

**I8. Гьал зобал киндай Аллагьас тIаде рорхун ругел абунги кин гьел балагьуларел.**

**I9. Гьал мугIрул кин рахъун чIезарун ругелги.**

**20. Гьаб ракь кин тIибитIун бугебги** щай гьел гIадамаз хал гьабулареб ва гьелдаса вагIза насихIат ва гIибрат кин босунареб?


**2I. Дуца гьел гIадамазе гьаб Къуръаналдалъун вагIза гьабе МухIаммад! Мун вуго дуца вагIза гьабун гьеб къавм Аллагьасул диналда ахIизе витIарав расул.**

**22. Мун гьезда тIаде тIамурав гьечIо гьезда хIал гьабун исламияб дин босинабизе.**

**23. Ва амма жидеца Аллагьасда инкар ккурал, дур вагIза насихIаталдаса жал руссарал гIадамал абуни,**

**24. Гьезие Аллагьас цIакъ кIудияб гIазаб гьабизе буго.**

**25. Диде буго гьел киналго гIадамазул ахираталда руссин.**




**26. Ва дида буго гьезул хIисаб мизан гьабизе** ва гьезул щивасул гIамалалда рекъараб жазаъ гьезие гьабизеги.

**Суратул Фажри 89.**

Гьаб буго Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб лъеберго аят бугеб сурат.

**I. Рогьалил гIужалхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIана Аллагь.**

**2. ЗулхIижа моцIалъул авалаб анцIго сордоялхIаги абунги гьедулев вуго.**

**3. Кинабниги кIирекъараб ва цо-цо бугеб жоялхIаги абунги гьедулев вуго Аллагь.**

**4. Жиб хьвадун унеб сордоялхIаги абунги гьедулев вуго Аллагь.**

**5. Гьаб гьа гьединалда жаниб жиндир гIакъло бугев чиясе гIураб далил гьечIищха ТIадегIанав Аллагь цIакъ кIвар бугеб амроялдалъун кIалъалев вукIиналда?**

**6. Дуда бихьуларищ я гьав инсан, кинаб гIазаб гьабураб дур БетIергьан Аллагьас ГIадил къавмалъе.**

**7. ЦIакъ рорхатал минаби ран рукIарал, Ирам абулеб бакIалда жалги рукIарал.**

**8. Гьеб къавм букIана жинда релъараб цоги ракьазда бижичIеб гIадаб, жидер кутакаб черх ва гучаб къуват бугеб къавм.**

**9. «Вадил къура» - абулеб бакIалда кьураби рорлъун, гьенир рукъзал гьарун рукIарал Самудиязул хабарги ргIичIиш дуда!**

**I0. Жинца рорхатал сиял ран вукIарав пиргIанилги, гьесул къавмалъуги хабарги ргIичIищ дуда!.**

**II. Гьал гIадамал рукIана жидеца ракьалда тIад зулму ва пасалъи гьабулел.**

**I2. Гьез ракьалда тIад цIакъ гIемераб пасалъи гьабуна.**

**I3. Цинги дур БетIергьанас гьезда тIаде гIазабги биччан тана.**

**I4. ХIакълъунго дур БетIергьан Аллагь жиндир лагъзадерил гIмалазе хъаравуллъи ккурав вуго.** Гьесдаса щибго жо балъго хутIуларо ва ахираталда щивасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъ гьабула.

**I5. Гьав инсанасул жиндир БетIергьан Аллагьас лъикIлъиялдалъун хIал бихьи гьабураб мехалъ, гьесие нигIматалги кьураб мехалъ, гьев хираги гьавураб мехалъ: Ханлъи кьун, къадро къимат кIодо гьабун, гьев инсанас абулеб буго: Дун дир БетIергьанас кIодо гьавун вугоха абун.** Гьеб кIодо гьавиги жив кIодо гьавизе мустахIикъав вукIун гьавурав вуго абун. Гьев инсанасда лъаларо Аллагьас жиндие бечелъиги, ханлъиги кьун букIин жиндир хIал бихьизе. Жинца щукру гьабуладай абун.

**I6. Гьев инсанасул Аллагьас ризкъи къварид гьабун хIал бихьи гьабураб мехалъ гьес абулеб буго дир БетIергьанас дун гIодовегIан гьавун вугоха абун.** Гьесда лъалеб гьечIо жинца сабро гьабизе ккколеблъи ва Аллагьасде вуссине ккколеблъиги. Гьал сипатал руго Аллагьасда инкар ккураб къавмалъул сипатал.

**I7. Гьел капурзабаца абухъин гьечIо амро!** Цо чиясе боцIи-мал кьей гьев хира гьави гьечIо, цогидасе кьечIого тейги гьев гIодовегIан гьавиги гьечIо. Инсан гIодовегIан гьавулеб ва гьев тIадегIан гьавулеб жо буго гьев жиндир БетIергьан Аллагьасда мутIигIлъиги, гьев Аллагьасда гIасилъиги.

**Нужеца (капурал гIадамаца) Аллагьас нужее кьараб ризкъиялдаса ятимзабазе напакъа ва садакъа кьолеб гьечIо.**

**I8. Нужеца, мискин пакъирасе тIагIан кьезе цогидалги гьесизарулел гьечIо.**

**I9. Нужеца ирсалъе щвараб боцIи-малги цIакъ хъантIун кваналеб буго.**

**20. Нужее дуняллалъул боцIиги цIакъ бокьулеб буго.**

**2I. Нуж кантIе я гьал гIадамал ва нуж нахъе чIвай гьел кIудиял мунагьал гьариялдаса!** Нужеда тIаде бачIине бугеб амро цIакъ кIудияб, жиндир хIинкъи кутакаб буго. **Кутакаб багъариялдалъун ракь багъарараб мехалъ.**

**22. Дур БетIергьан Аллагь вачIараб** (ай Аллагьасул амро бачIараб) **мехалъ** халкъалъул хIисаб мизан гьабизе. **Мухъал гьарун малаикзабиги рачIараб мехалъ.**

**23. Гьеб къоялъ жагьаннамаги бачун бачIуна купру-ширкалъул гIадамазда жиб бихьулеб бакIалда. Гьеб мехалъ инсанасда ракIалда щвела жинца дунялалда гьабураб кинабго гIамал. Ва амма гьесие щибго мунпагIат гьабуларо гьеб къоялъ жинца пашманлъи загьир гьабиялъ.**

**24. Капурав инсанас абула: «Вай аман Аллагь дица гьаб абадияб ахираталъул чIаголъиялъе батулеб лъикIаб гIамал гьабун букIараб анищ!» - абун. 25. Гьеб къоялъ Аллагьас жинда гIасилъаразе гьабулеб гIазаб цIакъ кутакаб букIуна. Гьединаб гIазаб цоги щивниги чиясе гьабуларо.**

**26. Гьев Аллагьас гIадин маххул гудраздалъун ва рахсаздалъун цоги щивго чияс рухьизеги рухьуларо.**


**27. Муъминчиясул напсалда хитIаб гьабун гьеб къоялъ абула: «Я Гьаб Аллагьасда иман лъеялъулъ хIалхьон букIараб нафс!**

**28. Мун дур БетIергьан Аллагьасде бусса Аллагьасда разияблъун,** гьес дуе кьурал алжаназул нигIматазда. **Аллагь дудасаги разияблъун,** дуца гьев цо гьавун гьесдаса хIинкъун гIибадат гьабиялдалъун.

**29. Мун лъугьа дун разиял дир лагъзадерида гьоркьоб, 30. Мун лъугьа дир нигIматазул рукълъун бугеб алжаналда жаниб» - абун.**

**Суратул Балади 90.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб къого аят бугеб.




**I. Дун гьедулев вуго жиндир хIурмат кIудияб, жинда жаниб КагIба рукъ бугеб Макка шагьаралхIаги абун. 2. Гьаб шагьаралда жанив чIарав вуго, МухIаммад мунги.**

**3. Адам аварагасдалъун ва гьесул муъминаб зуррияталдалъунги гьедулев вуго дун.**

**4. ХIакълъунго Дица инсан вижана кидаго жив захIмалъиялда ва къварилъиялда жанив вукIуневлъун. 5. Гьев инсанасда ракIалдейищ кколеб бугеб** жиндир къуват-гуч букIун, жив бечедав, тухум-кьибил кIудияв вукIун **жиндие гIазаб гьабизе Аллагьасул хIал кIоларин абун?**

**6. Гьединго жив капурав, чIухIарав инсанас абулеб буго: «Дица цIакъ гIемераб боцIи-мал харж гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммадие ва гьесда иман лъурал муъминзабазе зарал гьабизе гIоло» - абун. 7. Гьав чиясда ракIалдейищха кколеб бугеб гьеб жинца гьабураб гIамал цонигиясда (**ТIадегIанав Аллагьасда) **бихьичIин ва лъаларин абун?**

**8. 9. I0. Дица гьев инсанасе кIиго бер гьабун буго гурищ жинда лъикIабги квешабги жо бихьине. Гьеб бихьараб жоялдаса бицине ва гьикъизе кIиго кIветIги, мацIги гьабун буго гурищ! КIиго батIияб нухги гьабун гьелъул лъикIалаб тIаса бищизе гIакъло-лъай кьун гьесие тIоритIелги гьабун буго гурищ?**

**II.** Гьав капурав инсан аварагасе заралалъе жиндир боцIи мал харж гьабулев вукIинчIого **Аллагь разилъи тIалаб гьабун захIматаб нухалде тIаде щай кIанцIичIев, гьенив щай вортичIев?**

**I2. Дуда щибха лъалеб я гьав инсан, гьеб инсанасе жиб цIакъ захIматаб нух щиб бугеб ва гьелъул ажро-кири кигIан гIемераб бугеб? I3. Гьеб захIматаб нух буго Аллагь разилъи тIалаб гьабун лагъзал тархъи. I4. Ракъи-къеч бергьараб къо тIаде бачIараб мехалъ жиндир хIажат цIакъго цIикIарав, жиндир пакъирлъи кIудияв чиясе тIагIам кьейги буго гьеб захIматаб нух. I5. Жинда гIагарлъи хурхарав ятимасе кьела гьеб тIагIан. I6. Яги цIакъго мискинав, жиндир щибго магIишат гьечIев, чиясе кьела гьеб тIагIан.**

**I7.** Гьаб захIматаб нухда жив лъугьарав чи**, Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьеб лъикIаб гIамал гьабулевлъунги жив вугев.** Аллагьасда иман лъечIого гьабураб лъикIаб гIамалалъул ахираталда щибго мунпагIат букIунаро. **Жидеца цо-цаде амро-васиятги гьабулел Аллагьасе гIоло лъикIаб гIамал гьабиялда тIад чIун сабро гьабе абун ва муъминзабаца цо-цаде гурхIел-рахIмоги гьабе абун.**

**I8. Гьал сипатал жидее ругел муъминзаби руго ахираталда жидер гIамал хъварал кагътал квариниса кьолел ва Аллагьас жал алжаназда жанирги лъугьинарулел.**

**I9. Гьаб дир Къурьаналъул аятазда жидеца инкар ккурал гIадамал жидехъе гIамал хъварал кагътал квегIаб рахъалдаса кьолел руго.**

**20. Гьезие жиб абадияб жужахIалъул гIазабги букIине буго:** Жидеда тIад тIалъел лъун бугеб гIадин жал жанир лъугьи-нарулеб, жидее щибго къватIибе нухги букIунареб.


الجزء الثلاثون سورة الشمس سورة الليل

وَالَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَكَذَّبُوا۟ بِـَٔايَـٰتِنَآ أُو۟لَـٰٓئِكَ أَصْحَـٰبُ ٱلْجَحِيمِ ﴿١٩﴾ عَلَيْهِمْ نَارٌ مُّؤْصَدَةٌ ﴿٢٠﴾

سورة الشمس

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَـٰنِ ٱلرَّحِيمِ

وَٱلشَّمْسِ وَضُحَىٰهَا ﴿١﴾ وَٱلْقَمَرِ إِذَا تَلَىٰهَا ﴿٢﴾ وَٱلنَّهَارِ إِذَا جَلَّىٰهَا ﴿٣﴾ وَٱلَّيْلِ إِذَا يَغْشَىٰهَا ﴿٤﴾ وَٱلسَّمَآءِ وَمَا بَنَىٰهَا ﴿٥﴾ وَٱلْأَرْضِ وَمَا طَحَىٰهَا ﴿٦﴾ وَنَفْسٍ وَمَا سَوَّىٰهَا ﴿٧﴾ فَأَلْهَمَهَا فُجُورَهَا وَتَقْوَىٰهَا ﴿٨﴾ قَدْ أَفْلَحَ مَن زَكَّىٰهَا ﴿٩﴾ وَقَدْ خَابَ مَن دَسَّىٰهَا ﴿١٠﴾ كَذَّبَتْ ثَمُودُ بِطَغْوَىٰهَآ ﴿١١﴾ إِذِ ٱنۢبَعَثَ أَشْقَىٰهَا ﴿١٢﴾ فَقَالَ لَهُمْ رَسُولُ ٱللَّهِ نَاقَةَ ٱللَّهِ وَسُقْيَىٰهَا ﴿١٣﴾ فَكَذَّبُوهُ فَعَقَرُوهَا فَدَمْدَمَ عَلَيْهِمْ رَبُّهُم بِذَنۢبِهِمْ فَسَوَّىٰهَا ﴿١٤﴾ وَلَا يَخَافُ عُقْبَىٰهَا ﴿١٥﴾

سورة الليل

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَـٰنِ ٱلرَّحِيمِ

وَٱلَّيْلِ إِذَا يَغْشَىٰ ﴿١﴾ وَٱلنَّهَارِ إِذَا تَجَلَّىٰ ﴿٢﴾ وَمَا خَلَقَ ٱلذَّكَرَ وَٱلْأُنثَىٰٓ ﴿٣﴾ إِنَّ سَعْيَكُمْ لَشَتَّىٰ ﴿٤﴾ فَأَمَّا مَنْ أَعْطَىٰ وَٱتَّقَىٰ ﴿٥﴾ وَصَدَّقَ بِٱلْحُسْنَىٰ ﴿٦﴾ فَسَنُيَسِّرُهُۥ لِلْيُسْرَىٰ ﴿٧﴾ وَأَمَّا مَنۢ بَخِلَ وَٱسْتَغْنَىٰ ﴿٨﴾ وَكَذَّبَ بِٱلْحُسْنَىٰ ﴿٩﴾

٥٩٥

**Сурату Шшамси 9I.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб анцIила щуго аят бугеб.

**I. тIадегIанав Аллагь гьедулев вуго: БакъалхIаги абун, гьелъул гвангъараб, кинабго жоялда гIамлъраб, жинца бецIлъаи нахъе инабураб нуралхIаги абун.**

**2. Гьаб бакъ ун хадуб сардилъ жинца нур базабулеб моцIалхIаги абунги. 3. Жинца кинабго гIаламалъе канлъи ва нур загьир гьабураб къоялхIаги абунги.**

**4. Жинца кинабго гIалам жиндир бецIлъиялдалъун бахчараб сордоялхIаги абунги. 5. Гьаб зобал рижараб ва гьел тIадегIан рорхараб дир къудраталхIаги абунги. 6. Гьаб ракь бижараб ва гьеб тIибитIун босен гIадин гьабун жинда тIад яшав гьабизе мустахIикъаблъун гьабураб дир къудраталдалъунги гьедулев вуго. 7. Гьав инсанасул жиб камилго бижараб нафсалдалъун,** гьелъие кьун ругел мухIканал лугби, камилаб гIакъло, жинца лъикIаб-квешаб жо батIа гьабизе рес бугеб гIелму лъаялдалъунги **гьедулев вуго. 8. Гьеб нафсалъе баян гьабун буго ва гьеб хIал кIолеблъун гьабун буго Аллагьасде гIасилъулел квешал нухалги, жинда Аллагь (عز وجل) разилъулел лъикIал нухалги жинда лъазе ва гьезул жиндие бокьаралаб тIаса бищине.**

**9. ХIакълъунго жиндир абадияб лъикIлъиялда квершел батарав вуго жинца гьеб нафс купру-ширкалъул чороклъиялдаса бацIад гьабун иман-исламалъул нуралдалъун гвангъинабурав чи.**

**I0. ХIакълъунго жив ахираталъе чIового хутIарв, гьениб жиндие гIакъуба-гIазаб хIакълъарав вуго жинца гьеб нафс купру-ширкалдалъун, къабихIал гIамалаздалъун чорок гьабурав, гьеб Аллагьасул ццим бахъиналъе хIакъ гьабураб чи.**

**II. Жидер къосин сабаблъун Самудияз жидеда витIарав авараг гьереси гьавуна. I2. Гьезул бищунго къосарав чи гьев расуласе мугIжизатлъун бугеб варани хъвезеян араб гIужалъ. I3. Гьеб къавмалда Аллагьасул расуласги абун букIана: «Нужеца гьаб вараниялъе зарал гьабуге ва гьелъие цо къоялъ гьекъезе лъимги те.** Гьеб буго Аллагьас нужер хIал бихьизе нужеда тIад къараб иш» **- абун. I4. Жидеца гьев СвалихI авараг гьереси гьавуна ва гьеб вараниги хъуна. Цинги Аллагьас гьел гьалаг гьаруна жидер гIасилъи ва пасикълъи сабаблъун. Гьезда тIад гIазаб гIамлъана, гьезул рижиги бакъвазабуна. Гьеб гIазаб киназего башадги гьабуна. I5. гьеб гIазаб гьабунин абун Аллагьасе (عز وجل)гьелъул хIасилалдаса хIинкъи букIунаро.**

**Сурату Ллайли 92.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб къоло цо аят бугеб.

**1. Жиндир бецIлъиялъ кинабго жо бахчараб сордоялхIаги абун гьедулев вуго Аллагь.2. Жиндир нур ва канлъи загьирлъараб къоялхIаги абунги гьедулев вуго. 3. Инсан ва цогидал хIайваналги бихьинал ва цIуял гьарун кIиго тайпаялда рижараб жиндир тадбиралдалъун ва къудраталдалъунги гьедулев вуго Аллагь. 4. Нужеца дунялалъул рукъоб гьабулеб гIамал цIакъ батIи-батIияб буго. 5. Жинца Аллагь разилъи тIалаб гьабун боцIи-мал харж гьабулев, жив Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъунги хьвадулев. 6. Аллагьас жиндие ахираталда букIине къотIи гьабун бугеб алжанги жинца ритIухъ гьабулев. Гьелда жинца иман лъурав. 7. Дица гьав чиясе дунялалъул рукъоб бигьалъиялде нух бигьа гьабила,** гьесие тавпикъ гьабила лъикIаб гIамал гьабизе ва Аллагьасде гIасилъи тезе. **8. Жиндир боцIи-мал садакъаде ва напакъаде кьезе жив**

**бахиллъарав, Аллагьасе тIагIат гIибадат гьабизе чIухIун, гьеб жиндие хIажатаб иш гьечIин жив хьвадарав чи.**

**9. Жинца ахиратги, гьениб бугеб алжанги гьереси гьабурав.**

**I0. Дица гьесие бигьалъи гьабила жиндирго гIасилъиялда хьвадизе ва ахираталда жив гIазабалъулъ вукIунеб гIамал гьабизе.**

**II. Цинги гьев жужахIалъул цIадаве ккараб мехалъ гьесие щиб квер бакъи гьабулеб жинца дунялалда данде гьабун букIараб боцIи-малалъ?** Щибго квер бакъи гьабуларо!.

**I2. Дица дир заталда тIад гьабун буго гIадамазда лъикIаб-квешаб жо баян гьаби, гьезухъе русулал ритIун гьел исламияб диналда тIоритIи. I3. Дир милк ва мулк буго гьаб дунялги, хадуб жиб букIунеб абадияб ахиратги.**


**I4. Дица нужее хIинкъи кьолеб буго жиб боркьараб, лагь-лагьун, гьалдолеб жужахIалъул цIаялдалъун! I5. Гьеб цIада жаниве лъугьине гьечIо жиндир бахьи къосарав чи гурони.**

**I6. Жинца аварагзаби гьереси гьарурав ва Аллагьасда иман лъеялдаса, гьесие гIибадат гьабиялдаса жив вуссарав чиги гурони.**

**I7. Гьеб жужахIалъул цIаялдаса рикIкIад гьавизе вуго жив Аллагьасдаса хIинкъаравлъун вукIарав муъминчи.**

**I8. Жинца закат-сахI бахъун жиндир боцIи харж гьабура, гьеб лъикIаб нухазда харж гьабун, жинца напс бахиллъиялдаса ва мунагьаздаса бацIад гьабурав. I9.** Гьаб боцIи-мал харж гьабулеб мехалъ **жинца щивго чиясе кьезе кколеб налъи кьолев, яги гьесул лъикIлъиялда данде лъикIлъи тIалаб гьабулевлъун вукIинчIев. 20. Гьес тIалаб гьабулеб жо букIуна цохIого Аллагь разилъи.**

**2I. Ахираталда щвараб мехалъ гьев муъминчи цIакъ разилъизе вуго.**




**Сурату ЗзухIа 93.**

**I. 2. Бакъ тIаде борхун гьелъул гвангъи ракьалда тIибитIараб зухIаялъу гIужалхIаги, жиб тIаде бачIун жинца кинабго жо бецIлъукье ккезабураб мехалъ сардоялхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь. 3. Дур БетIергьан Аллагьас мун рехун тун гьечIо МухIаммад ва гьесул дуда ццим бахъунги гьечIо. 4. паналъулеб дунялалдаса даимго нахъе хутIулеб ахират дуе лъикIаб буго.**

**5. Аллагьас дуе нахъа кьезе буго мун жиндаса ризилъулеб жо ва мун гьелда разилъизеги вуго.** Гьеб буго ахираталда жиндир умматалъе шапагIат гьабизе кьолеб ихтияр.

**6. Дуда мун гьавилелдего эменги хун мун ятимлъун ватичIищ, МухIаммад? Аллагьас мун данде къана жинца дуе тарбия гьабулев дур кIудияв эмен ГIабдулмутIалибиде.**

**7. ТIадегIанав Аллагьасда мун ватана исламияб дин лъларевлъун,** купруширкалъул агьлуялда гьоркьов вугевлъун, гьездаго релълъун мунги къосине бегьулевлъун. Аллагьас мун гьелдаса цIунана. **Духъе авараглъиги кьун исламияб диналда дур къавм ахIулев расуллъун гьавуна.**

**8. Мун мискинав, хъизан лъимал гIемеравлъунги ватана. Аллагьас мун бечед гьавуна даран-базар гьаби лъазабун.** Гьаб иш гьадин бугелъул: **9. Дуца ятимазе зулму гьабуге, гьел хIакъирги гьаруге! I0. Гьарун вачIарав чиги дуца нахъе къотIуге.**

**II. ТIадегIанав Аллагьас дуе кьурал нигIматалги гIадамазда рице.**


**Сурату ШархIи 94.**

**I. Дица дур керен-ракI гIатIид гьабуна МухIаммад, иманалдалъун ва Къураналъул нуралдалъун.** Дуда вахIю гьабулеб дин къабул гьабизе ва гIелму-хIикмат жаниб лъугьине гIатIид гьабуна Дица дур керен. ШайтIанияб хъублъи нахъе ине гьабун Жабраил малаикас чурун, бацIцIад гьабуна абураб магIнаги гьабуна гьаб рагIиялъе. Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул ракI керен ссун къватIибе бахъун чурун букIана гьев гьитIинав вугеб мехалъ.

**2. 3. Дур ракI къварид гьабун, дур мугъ бакI гьабун рукIарал дудаса ккарал гъалатIаздаса Аллагь тIаса лъугьана.**

**4. Дица дур рехсей ва даража-макъамги тIадегIан гьабуна. 5. ХIакълъунго цо захIмалъи-къварилъиялда хадуб бигьалъи ва гIатIилъи букIуна. 6. Гьеб захIмалъи-къварилъиялда хадуб бигьалъи ва гIатIилъи букIунеб букIин жиб хIакъаб, жиндилъ щибго шаклъи гьечIеб амро буго.**

**7. Аллагьасул диналда халкъ ахIиялдаса рукъов вачIун гIодов чIараб мехалъ,** Аллагьасе гIибадат гьабун, гьесие какал ран ва дугIа-хIели гьабун **дуца дур чер сваказабе. 8. Дуца дур кинабго хьул ва къасд дур БетIергьан Аллагьасде буссинабе.**




**Сурату Т-тини 95.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб микьго аят бугеб.

**I. Тин ва Зайтун, абулеб** жиб кIиялъулъго баракат бугеб, жиндаса инсанас квеналъе ва дару-сабабалъе мунпагIат босулеб **пихъалдалъун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь. 2. ТIурисинин абураб жиндилъ баракат бугеб мегIералдалъунги гьедулев вуго БетIергьан Аллагь.** Муса аварагасда Аллагьас калам гьабураб мегIер буго гьеб. **3. Жиндилъ божилъи бугеб гьаб Макка шагьаралдалъунги гьедулев вуго Аллагь.**

**4.** Гьал церехун рехсарал хириял бакIаздалъун гьа гьедун ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: **ХIакълъунго дица инсан вижана бищунго берцинаб сипаталда. 5. Цинги дица гьев инсан вусинавуна бищунго гIодогIанаб бакIалда.** Жинца Аллагь цо гьавичIого, гьес тIад къараб таклиф тIубачIого жив хьвадараб мехалъ гьев жужахIазул бищунго гъокьияб тIалаялъуве вуссинавула.

**6. Жидеца Аллагьасда иманги лъун, аварагасда нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби руссинаруларо гIодобегIанаб бакIалде. Гьезие ахиаратлда цIакъ кIудияб ажро буго: Жиб абадияб, жиндие нахъаса къотIиго гьечIеб.**

**7. Гьал мухIканал аятал ва гIаламаталги рихьулел рукIадго ахират гьереси гьабизе мун тIамулеб жогIаги щиб бугеб, я гьав инсан! 8. Аллагь гьечIишха бищунго гIадло битIарав, хIукму гIадилав, жинца гьабулеб жоялъул маслахIат ва мурад жинда лъалевлъун.** Вуго.

**Суратул ГIалакъи 96.**

**I. Дуца гьаб хирияб Къуръан цIале МухIаммад, дур БетIергьан Аллагьасул цIаралдалъун бай бихьун** ва гьесдаса квер бакъиги тIалаб гьабун. **Жинца кинабго махлукъ бижарав ва гьелъул тадбир гьабулев, жив цогояв ханлъун вугев гьев Аллагь.**

**2. Жинца загIипаб маниялдаса инсан вижарав. 3. Дуца гьаб хирияб Къурьан цIале МухIаммад, ва дуда лъай дур БетIергьан Аллагь жив хирияв ва къадро кIудияв вукIин.**

**4. Жинца къаламалдалъун хъвадаризе инсанасда лъазабурав.**

**5. Гьев инсанасда жинда лъалареб букIараб исламияб динги лъазабурав.** Цогидаб инсан жинда хIажалъулеб дунял-ахиараталъул гIелмуги лъазе гьабурав.

АлхIамдулиллагь! Кинабго рецц ва шукру гьев Аллагьасе буго. Жинца исламияб диналда нилъ тIоритIарав, жиндир хирияб Къурьан цIализе лъалеллъунги гьарурав, жиндие хирияв ХIабиб МухIаммадил суннат лъалеллъунги нилъ гьарурав. Гьаб щуго аят буго Къурьаналъул авалал аятал. Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг «ХIириъ» абулеб нохъоде ун Аллагьасе гIибадат гьабулев вугеб мехалъ ТIадегIанав Аллагьас Жабраил малаик витIун гьесда Къуръан вахIю гьабизе бай бихьараб заман буго гьаб.

**6. ХIакъаб жо буго инсан жиндир БетIергьан Аллагьасде гIасилъулев вукIин.**

**7. Живго жиндасаго чIухIун: жив бечедав вугин, къуватав вугин, кьибил тухум кIудияв вугин абун ракIалде ккун. 8. Дур БетIергьан Аллагьасде буго МухIаммад, ахираталда кинабго халкъалъул буссин.** Гьеб къоялъ щивав инсанасе жиндир гIамалалда рекъараб жазаъги гьабизе буго.

**9. I0. Дуца пикру гьабуларищ МухIаммад, жинца Аллагьасе как баялдаса инсан нахъе чIвалев чисул?** ЦIакъ ахIмакъав, хIалихьатав ва гIодовегIанав чи гьечIишха гьев?

**II. Дуца пикру гьабеха МухIаммад, гьев как балев чи битIараб диналдаги вугони.**


**I2. Жинца Аллагьасдаса хIинкъа ва гьесие гIибадат гьабеян амроги гьабулеб бугони.** Гьаб хIакъаб нухалда вугев чиясда данде кин гьев къосарав мушрик вахъунев?

**I3. Гьединго дуца пикру гьабеха МухIаммад, гьев инкарчи жинца Аллагьги аварагги гьереси гьарулев, жив иман лъеялдаса вусун чIарав вугони.**

**I4. Гьев чиясда лъалеб гьечIищ БетIергьан Аллагь жинда кинабго жо бихьулев ва лъалев вукIин? I5. Гьев къосарав чиясда ракIалда кковухъин гьечIо амуро! Гьев чи жиндир къабихIаб гIамал гьабиялдаса вусинчIони бичасхIаги дица гучалда гьесул нодо ккола ва вехъерхъун гьев цIад жанивги реххила! I6. Жинца гьереси бицунев, жив капурав ва жиндир мунагьал гIемерав чи вуго гьеб дица кколеб нодоялъул БетIергьан.**

**I7. Цинги гьес ахIи бай абеха жиндир кумекчагIазда ва гьездаса квербакъиги тIалаб гьабе абе! I8. Дицаги ахIизе руго дир жужахI хьихьун ругел, жудер капурзабада ццим бахъи кутакал забаниятазда.** Гьез кутакаб гIазаб гьабила гIамал кIудиял инкарчагIазе ва мушриказе.

**I9. Жив хIинкъа абе гьев къосарав, хIалихьатав чи! Мун гьесие мутIигIлъуге МухIаммад! Дуца как бачIого тоге ва Аллагьасул диналда халкъ ахIичIогоги тоге. Дуца тIад чIей гьабе как баялда ва сужда гIемер гьабиялда! Дуца Аллагьасде гIагарлъиги гьеб как баялдалъун ва сужда гIемер гьабиялдалъун гьабе!** Гьаб бакIалда сужда гьабизе суннатаб буго.




**Суратул Къадри 97.**

**I. Дица гьаб хирияб Къурьан рештIинабуна жиндир къадро кIудияб сордоялъ.**

**2. Дуда щибха лъалеб МухIаммад гьеб Лайлатул Къадри щиб жо бугеб?** Гьелъул хиралъи кигIан гIемераб бугеб? **3. Гьеб Лайлатул Къадри хирияб буго азарго моцIалдасаги.**

**4. Гьеб сордоялъ Жабраил малаик ва цогидал малаикзабиги ракьалда рештIуна Аллагьасул амро босун. Гьеб сордоялдаса бай бихьун тIасияб соналъул гьединабго сордоялда щвезегIан Аллагьас жиндир махлукъалъе къадар гьабураб хIукмуги босун ракьалда рештIуна гьел малаикзаби.**

**5. Гьеб сордоялъ рогьел баккинегIан малаикзабаца муъминзабада «салам-салам»-абун гьезие тахIият гьабулеб букIуна.**

**Суратул Байинати 98.**

**I. Жидеца Аллагьасда инкар кколел гIадамал: Жидехъе тIехь рештIине гьабурал гIадамаздаса жал ругел ва Аллагьасдехун ширк гьабун хъанчие**

**лагъльи гьабулеллъунги жал ругел, гьал гIадамаца жидер купру-ширк течIо жидехъе баянаб хIужа-далил бачIараб мехалъ гурони.** Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад авараг вачIараб мехалъ гьесда иман лъурал гIадамал руго гьаб аяталъ жидер бицен гьабурал гIадамал. Гьев хирияв авараг вачIаниги купру-ширкалъул агьлуялъул гIемерисел жидерго къосиналда ва гIасилъиялда чIана.

**2. Гьезухъе бачIараб хIужа Аллагьасул русул вуго: жинца гьезие батIулаб, гьересияб жоялдаса жал рацIцIадал Къурьаналъул аятал цIалулев.**

**3. Гьел аятазулъ киналго жидер къадро ТIадегIанав Аллагьасул тIахьазулъ бугеб гIелму-диналъул баян буго ва тIасса бищараб, лъикIаб щинаб жоги буго.**

**4. Жидехъе тIехь кьурал гIадамал жидер диналъулъ рикьаричIо жидехъе Аллагьасул рахъалъан хIакъаб, баянаб далил бачIун гурони.**


**5. Гьел гIадамазда амроги гьабулеб букIинчIо жидеца Аллагьасе лагъльи гьабе абун гурони, жидеца Аллагь цо гьавун, гьесие гIибадат бацIцIад гьабун. Цогидал киналго диналги тун жиб битIараб исламияб дин гьабе абун. Жидеца паризаял какалги рай, паризаяб закатги кье абун. Гьаб дин буго жиб битIараб дин.** Гьаб динги босун гьеб диналда жанир шайха гьел гIадамал лъугьунарел?

**6. Китабиязул Аллагьасда инкар ккурал гIадамалги, цогидал мушрикал, мажусиялги жужахIалъул цIада жанир рукIине руго. Даимго рукIуна гьел жужахIалда жанир. Гьел руго кинабго халкъалъул бищунго квешал гIадамал.**

ЦIогьабаздасаги квешал руго гьел: Жедеца Аллагьасул тIахьазда жаниса МухIаммад аварагасул сифатал рикъун ругелъул. Гъачагъаздасаги квешал руго гьел. Жидеца хIакъаб диналда унел гIадамазе нух къотIизе гьабун бугелъул.

**7. Жидеца Аллагьасда иманги лъун аварагасда нахъги рилъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби руго кинабго халкъалъул бищунго лъикIал.** Гьел ругелъул жидеца Аллагьги, гьесул расулги разилъи тIалаб гьабун, гьезул амру-нагью тIубазе гьабун хьвадарал гIадамал.

**8. Жидер БетIергьан Аллагьасда аскIоб гьезие бугеб жазаъ буго жидеда жаниса нигIматазул гIорал чвахулел алжаназул ахал. Даимго рукIинелъул лъугьинарула гьел алжаналда жанир. Гьездаса Аллагь разилъун вукIуна ва гьел Аллагьасдасаги разилъун рукIуна. Гьаб тIадегIанаб макъам буго Аллагь разилъи тIалаб гьабун, гьесул гIазабалдаса хIинкъун хьвадарал муъминзабазе бугеб.**




**Суратул Залзалати 99.**

**I. ЦIакъ кутакаб багъариялдалъун ракь багъарараб мехалъ.**

**2. Гьеб ракьалъ жинда жаниб букIараб бакIлъиги къватIибе рехараб мехалъ.**

**3. ГIажаиблъи гьабун, хIинкъун инсанасги абураб мехалъ: «Гьаб ракьалъе лъугьараб жого щиб бугеб?» - абун.**

**4. Гьеб къоялъ ракьалъ бицуна кинабго жиндир хабар.** Гьеб хабарги букIуна щивав инсанас жиндир мугъалда тIад гьабураб гIамалалъе ракьалъ нугIлъи гьаби.

**5. Гьеб хабар бициги Аллагьас гьеб ракьлда амро гьабиялдалъун букIуна**

**6. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ къукъаби гьарун тIаде рахъун** МахIшаралда ракIарун **рачIуна жидеца дунялалда гьабураб гIамал бихьине ва гьелъул жазаги бихьине.**

**7. Жинца цохIо зарра гIадабги лъикIлъи гьабурав чиясда гьелъул лъикIаб жаза бихьине буго.**

**8. Жинца цохIо зарра гIадабги квешаб гIамал гьабурав чиясда гьелъул квешаб жазаги бихьине буго.**

Аллагьасул цIоб рахIматалдалъун лъикIлъи гIемерго цIикIине гьаби, мунагьаздаса тIаса лъугьун тей Аллагьасул ихтияралда бугеб, гьес жиндие бокьухъин гьабулеб иш буго. Къокъаб хIасил буго щивниги инсанасе лъикIлъи гьабун гурони БетIергьан Аллагьас гьесие зулму ва зарал гьабизе гьечIо. Аллагьу Акбар.

**Суратул ГIадияти I00.**

Маккаялда жиб рештIине гьабураб, жинда жаниб анцIила цо аят бугеб.

Гьаб сурат рештIине гьабуна суратул ГIасриялда хадуб. Гьеб буго I03 абилеб сурат.

**I. Жал цIакъ рекерун тушманасде тIаде унел, жидер гьекиялъул** (хIухьел цIай) **гьаракьги ргIулел мужагьидазул чуялхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.**

**2. Жидер хIатIаздалъун чIинхаздаса цIаги пирхинабулел.**

**3. Рогьалил гIужалъ тушманасда тIад гъара гьабун** (хIила гьабун) **жал кIанцIулел.**

**4. Цинги гьениб кутакаб хIур бахъинабулел.**

**5. Жал тушманасул боязда гьоркьорги журалел чуялхIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь.**

**6. ХIакълъунго инсан Аллагьасул нигIмтазда жинца инкар кколев вуго.**


**7.** Жив нигIмтазда инкар кколев, къварилъи хIехьезе кIоларев вукIиналъе **инсанас жинцаго нугIлъи гьабулеб буго,**

**8. жиндие цIакъ дунялалъул лъикIаб щинаб жо бокьулевги вуго.**

**9. Гьав инсанасда лъаларищ хобазда жанир рукIарал гIадамал тIаде рахъинарураб мехалъ,**

**I0. Гьезул ракIазда бугеб щинаб жоги Аллагьасда цебе загьирги гьабураб мехалъ,**

**II. Жидер БетIергьан Аллагь гьезул кинабго хIал жинда лъалев вукIин ва гьезие хIисаб-мизан гьабун Аллагьас жаза гьабизе букIинги.**




**Суратул КъаригIати I0I.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб анцIила цо аят бугеб.

**I. 2. 3. Жинца ракIал хIинкъинарулеб, мугIрул шобал щущазарулеб, зобал рахъинарулеб, жиндир амро цIакъ кIудияб къиямасеб къо щиб жо бугеб дуда щибха лъалеб, я гьав инсан!** Исрафил малаикас авалаб суралъул пуялдалъун жиб бай бихьулеб, кинабго халкъалъул хIисаб-мизан гьабун гьел цоял алжаназда, цогидал жужахIалда жанир лъугьизе гьарураб мехалъ жиб тIубалеб жо буго къиямасеб къо. Гьелдаса хадуб жиб абадияб ахиарат буго.

**4. Гьеб къоялъ гIадамал рукIуна ракьалда тIибитIараб гарцIазул боялгIадин** махIшаралде ракIарун унел.

**5. Гьеб къоялъ мугIрулги самараб квас гIадин тамахлъун гIодоре гьаршун рукIуна.** Кинабго ракьги цо майдан лъугьун букIуна.

**6. 7. Жиндир лъикIаб гIамалалдалъун цIадира бакIлъарав чи жив разияб чIаголъиялда алжаназда жанив вукIине вуго.**

**8. 9. Жиндир лъикIаб гIамал цIадираялда тIадагьлъарав чи вуссунеб бакI жагьанама буго.**

**I0. II. Дуда щибха лъалеб я гьав инсан гьеб жагьаннама щиб жо бугеб: Гьеб буго жиб цIакъ боркьараб жужахIалъул цIа.**

ГIемерисел гIалимзаби жинда рекъараб рагIи буго къиямасеб къоялъ гIамалал цIай цIадирабада тIадги лъун букIине буго абураб рагIи. Жиб цIалеб жо я лагъзадерил гIамал хъварал кагътал рукIина, яги гьел гIамалазе Аллагьасе бокьарб черхги гьабун гьеб черх цIала. Жинда Аллагь разилъаяв ибну ГIаббасидаса бицараб хIадисалда буго: *«Муъминзабазул лъикIал гIамалал цIакъ берцинаб сифат-сураталда рукIуна. Квешал гIамалал къабихIаб сураталда рукIана. Жиндир лъикIал гIамалал цIадириялда бергьарав чи бахьи бугев чи вуго. Жиндир квешаб гIамал цIадироялда бергьарав чи бахьи къосарав чи вуго»*-абун. Аллагьу Акбар.

**Сурату Т-такасури I02.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб микьго аят бугеб.

**I. Нуж Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса машгъул гьарна я гьал гIадамал, нуж боцIи мал, лъимал-хъизан гIемерлъиялдалъун** цо-цалазда къецандулел рукIиналъ.

**2. Гьеб хIалалда рукIадго нуж хун хабалалъеги ине руго.**

**3. Нуж гьеб гIамалалдаса русса ва нуж Аллагьасул гIазабалдаса хIинкъа. Нужеда нахъа лъазе буго гьеб нужер ахIмакъаб хьвадиялъул кинаб квешаб ахир букIунеблъи!**


**4. Ахираталда щвараб мехалъ ва нужеда Аллагьасул гIазабги щвараб мехалъ лъазе буго нужеда гьеб! 5. Нужеца гьеб квешаб гIамал те! Нужеда гьеб ишалъул хIакъикъат лъалеб букIарабани нуж дунялалъ гуккун, ахират кIочон хьвадизе рукIинчIо.**

**6. 7. БичасхIаги нужеда жужахI бихьизе буго ва нужеда гьеб якъинго нужер беразда бихьизе буго. 8. Гьеб къоялъ нужедаги гьикъизе буго дунялалда Аллагьас нужее кьурал нигIматал кин нужеца харж гьабурал абун.** Чорхое кьураб сахлъиги, бералъе кьураб канлъи бихьиги, гьуинал, лазатал тIагIамалги, тамахал тахалги, рекIел гъеялъе кьурал хъизанги кин нужеца хьвадизабураб абун.

**Суратул ГIасри I03.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб лъабго аят бугеб.

**I. 2. Жинда жаниб гIемераб гIажаибаб жо бугеб заманал хIаги абун гьедулев вуго ТIадегIанав Аллагь, хIакълъунго инсан чIового хутIиналъулъ, дунялалъ ва шайтIаналъ гуккинулъулъ вугоян абун.** Къатадат абулев гIалимас абуна: Бакъанил гIужал хIаги гьедулев вуго Аллагь, гьев зухIаялъул гIужалхIаги абун гьедун вукIарав гIадинго абун.




**3. Жал чIорого хутIарал гьечIо жидеца Аллагьасда иманги лъун аварагасда нахъги рилълъун лъикIаб гIамал гьабун хьвадарал муъминзаби. Жидеца цо-цалазда хIакъаб диналда чIа абун амро-васият гьабулел, гьеб хIакъаб диналда рукIадго тIаде рачIунел къварилъабазда сабро гьабе абунги цоцаде васият гьабулел.**

Гьаб цохIо аяталда жаниб ТIадегIанав Аллагьас инсан тIовитIулеб ункъго кIудияб асло бицун буго: *Аллагьасда иман лъей. Аллагьас ва гьесул расулас абухъин лъикIаб гIамал гьаби. Муъминзабаца цоцалазда амру-нагью гьаби, лъикIаб-квешаб жо лъазе гьаби. ХIакъаб диналда чIеялдалъун ва къварилъиялда сабро гьабе абун цо-цалазда васият гьабиги.* Гьаб аяталъ абухъин хьвадарав чияс жиндирго нафс камил гьабула Аллагьада иман лъун ва гьесие тIагIат гIибадат гьабун. Цогидал гIадамазул нафсги камил гьабула гьезда хIакъаб жоялдалъун амро ва васият гьабун.


Жинда Аллагь разилъаяв имам ШафигIияс абуна: «ГIадамаз цохIо гьаб сураталъул пикру гьабулеб букIараб ани гьезие гьеб сурат гIезе букIана»-абун.

**Суратул Гьумазати I04.**
Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб ичIго аят бугеб.

**I. Квешаб гIазаб ва гьалаглъи букIине буго кинавниги жинца гIадамазда гIайиб чIвалев, гьезде гъибат гьабулев, нахъаса кIалъалев чиясе.**
**2. Жинца гIемераб дунялалъул магIишатги данде гьабун, гьеб рикIкIун, гьелъул гIемерлъиялдаса вохун жив хьвадулев.**
**3. Жинда ракIалдеги кколев гьеб магIишаталъ жив дунялалда даимго хутIинавилин абун.** Жинца закат сахIги кьоларев суннатаб садакъаги кьоларев, гьеб магIишаталъе лагълъи гьабун живги хьвадулев.
**4. Гьесул ракIалде кковухъин гьечIо амро! БичасхIаги гьев чи жужахIалда жанив рехине вуго.**
**5. Дуда щибха лъалеб я гьав инсан, гьеб жужахI щиб жо бугеб?** Дуда гьеб жегиги бихьун гьечIелъул гьелъул сифат-сурат дуда лъаларо.
**6. 7. Кутакалда жиб боркьараб, жинца ракIал рухIулеб, Аллагьас жиндалъун капурзабазе гIазаб гьабулеб цIа буго гьеб.**
**8. 9. Гьеб цIа гьезда тIад тIалъел лъураб гIадаин букIуна, цIадул хIубазда жанир ругел гIадаин гьелги рукIуна.** Жидер хIатIал-кверал рахсал гудрал ран горбодеги рухьун рукIуна. Жидее щибго хвасарлъи ва бигьалъиги букIунаро.

**Суратул Фили I05.**
Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб щуго аят бугеб.

**I. Дуда лъаларищ МухIаммад, дур БетIергьан Аллагьас пилалги рачун КагIба рукъ биххинабизе абун рачIарал гIадамазе кинаб гIазаб гьабураблъи!**
**2. Гьезул макро Аллагьас цIакъ хвезабичIишха!**
**3. Гьезда тIаде Аллагьас хIанчIазул боялги ритIана.**
**4. Щибаб хIинчIалъ гьездаги речIчIана жужахIалъул ракь бухIун лъугьарал чIинхал.**
**5. Аллагьас гьел гIадамалги гьаруна хIайваназ жиб кванараб ва гьезул хIатIаз мерхьун хвезабураб тIамах-хералда релълъун.**




**Сурату Къурайш I06.**
Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб ункъго аят бугеб.

**I. Къурайшиял ругьунлъун рукIиналъе гIоло гочIарулеб гIумру гьабиялда.** Гьел цоцаде тушманлъи гьечIого цоцалъ рекъонги рукIиналъе гIоло
**2. Гьел хасало Яманалда ун, риидал Шамалда ун даран-базар гьабун ящав гьабиналда ругьунал рукIиналъе гIоло.**
**3. Жидеца гIибадат гьабе абе гьаб КагIба рукъалъул БетIергьан Аллагьасе.**
**4. Жидее ракьинчIого рукIунеб хIалалхъ тIагIан кьурав, жал тушманасул заралдасаги цIунарав.**
Хур-хер бижунареб хъачIаб, бакъвараб ракьалда рукIун жал цIакъ ракъун рукIарал, цинги Аллагьас даран-базаралда хьвадизе ругьун гьарун бечед гьарурал. Сверухъ ругел гIарабияз рагъал гьарун къварид гьарулел рукIарал, цинги Аллагьас Ибрагьим аварагасул дугIаялъе жаваб гьабун, КагIба рукъалъул хIурмат гьабун жидеда гIадамаз рагъ гьабуларел, жидер

адаб хIурмат гьабулел лъун гьарурал. Гьал нигIматал жидее кьун рукIин лъалебги букIадго гьез Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIад щай гьабулареб?!

**Суратул МагIуни I07.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб анкьго аят бугеб.

**I. Дуца пикру гьабуларищ я гьав инсан, жинца ахират гьереси гьабулев чиясул ахIмакълъиялъул.**

**2. Гьев чи вуго жинца ятимасе зулму гьабулев.** Гьев довегIан къазавулев, гьесие гьумер букIкIунев, гьесул боцIи кваназе жив хIинкъуларев.

**3. Жинца мискинчиясе тIагIан кьоларев ва цогидалги гьесие тIагIан кьеялда гьесизе гьаруларев.** Жиндир боцIи кьезе живго бахиллъараб гIечIого цогидаз кьолеб жоялдаги жив бахиллъулев.

**4. 5. Квешаб гIазаб ва гьалаглъи буго жидеца балеб какалдаса жал сагьвиллъулел гIадамазе!** Мунапикъзаби руго гьел. Как бана абун гьелъул кир щвеялда жадер хьул лъоларел, гьеб бачIого тана абун Аллагьасул гIазабалдасаги жал хIинкъуларел. ГIадамазе бихьулеб бакIалда как балел, цогидаб бакIалда бачIого толел.

**6. Гьел руго жидеца кинабго гIамал чIухIи-реццалъе, гIадамал разилъи бокьун гьабулел.**

**7. Жидеца гIадамазул хIажат тIабайги нахъе чIвалел.** ГIиси-бикъинаб: РокIкIен-квар гIадаб, цIан-лъим гIадаб жоги мадугьаласе ва мискин пакъирасе кьоларел. Аллагьу Акбар.

Аллагьас нилъ цIунаги гьаб къавмалда релълъун рукIиналдаса. Амин.

ГIадамал разилъи тIалаб гьабун гIамал гьабиги ширк буго, киниги гьев чи капурчи вуго абизе бегьуларо: Гьев ахIмакъав, къосарав, жагьилав чи вуго абун гIузру бачун тезе рекъараб буго.

**Суратул Кавсари I08.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб лъабго аят бугеб

**I. Дица дуе кьуна МухIаммад «Кавсар» абулеб алжаналъул гIор ва дунял - ахираталда цIакъ гIемераб лъикIлъи.** Гьеб лъикIлъи буго аварглъи кьей, Къурьан жинда рештIине гьаби, гIелму ва хIикмат кьей, шапагIат гьабизе изну кьей, ахираталда умматалъ жиндаса гьекъолеб хIавз (ицц) кьей, ахираталда жиб беццараб бакI кьей, жиндир уммат гIемераб букIин, тушбабазда тIад квер бакъи гьаби. Ракьалда тIад исламияб дин тIибитIинаби, ва гьел гурелги гIемерал нигIматал руго Аллагьас жиндие хирияв аварагасе кьурал.

**2. Гьал кIудиял нигIматал кьун мун хира гьавурав дур БетIергьан Аллагьасе как бай дуца, цоги щибго жоялъе баге. Гьев Аллагь кIодо гьавун гьесие шукру гьабун варанабиги хъве?** Мушрикаца гIадин хъанчазе лагълъи гьабуге, гьезие боцIиги хъоге.

**3. Дудахун жинца хIалхъублъи гьабулев дур тушман вуго жиндир хьон бакъварав.** Гьев вугелъул ахираталда жив жужахIалда жанив унев.


الجزء الثلاثون سورة الكافرون سورة النصر سورة المسد

سورة الكافرون

بسم الله الرحمن الرحيم

قل يا أيها الكافرون ﴿١﴾ لا أعبد ما تعبدون ﴿٢﴾
ولا أنتم عابدون ما أعبد ﴿٣﴾ ولا أنا عابد ما عبدتم ﴿٤﴾
ولا أنتم عابدون ما أعبد ﴿٥﴾ لكم دينكم ولي دين ﴿٦﴾

سورة النصر

بسم الله الرحمن الرحيم

إذا جاء نصر الله والفتح ﴿١﴾ ورأيت الناس
يدخلون في دين الله أفواجا ﴿٢﴾ فسبح بحمد ربك
واستغفره إنه كان توابا ﴿٣﴾

سورة المسد

بسم الله الرحمن الرحيم

تبت يدا أبي لهب وتب ﴿١﴾ ما أغنى عنه ماله وما كسب ﴿٢﴾
سيصلى نارا ذات لهب ﴿٣﴾ وامرأته حمالة الحطب ﴿٤﴾
في جيدها حبل من مسد ﴿٥﴾

٦٠٣

**Суратул Кафирина I09.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб анлъго аят бугеб.

**I. Дуца абе МухIаммад: Я гьал Аллагьасда инкар ккурал гIадамал!**

**2. Дица лагълъи гьабулеб гьечIо нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе.**

**3. Нужецаги лагълъи гьабулеб гьечIо дица жиндие лагълъи гьабулев Аллагьасе.**

**4. Дица кидаго лагълъи гьабизе гьечIо нужеца жидее лагълъи гьабулел алагьзабазе.**

**5. Нужецаги лагълъи гьабизе гьечIо дица жиндие лагълъи гьабулев Аллагьасе.**

**6. Нужее буго нужер дин:** Аллагьасда ширк гьабун хъанчазе лагълъи гьаби**. Дие буго дир дин:** Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIад гьаби**.** Нужерги дирги дин кидаго цоцаде тушманлъи бугеб буго. Аллагьу Акбар.

Гьаб сурат рештIине гьабиялъе сабаб бицун абуна: Къурайшияз Аллагьасул салам лъеяв аварагасда абуна: «Дуца цо соналъ нижер алагьзабазе лагълъи гьабе, нижеца цо соналъ дур Аллагьасеги лагълъи гьабила»-абун. Гьезие аврагас жаваб гьабуна: «Аллагьас цIунаги дун дица гьесдехун ширк гьабиялдаса!»-абун. Цинги Къурайшияз абуна: «Дуца нижер алагьазда квергIаги хъатIизе гьабе, цинги нижеца мун ритIухъ гьавизе вуго ва дур Аллагьасе лагълъиги гьабизе буго»-абун.

ТIадегIанав Аллагьас жиндир аварагасда гьаб сурат рештIине гьабуна ва гьев хехго КагIба рукъалда ана. Гьенир рукIарун Къурайшаязул жамагIатги букIана. Гьезда аскIов вахъунги чIун, киназдаго рагIине гьабун аварагас гьаб сурат цIалана ва гьезул хьул къотIана МухIаммад жиндир диналдаса вусиналдаса. Цинги гьез гIемераб къаврилъиги гьабуна Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе ва жидеда Аллагь разилъаял гьесул асхIабзабазе.

**Сурату Ннасри II0.**

Мадинаялда жиб рештIинабураб жинда жаниб лъабго аят бугеб.

**I. Дуе БетIергьан Аллагьасул квер бакъи бачIана.** Дур тушбабазда тIад дуе бергьенлъи кьуна. Дуе жиб хирияб ватIан, жинда жаниб хирияб КагIба рукъ бугеб Макка шагьарги рагьана.

**2. Гьеб Макка рагьун хадуб дуда гIадамалги рахьана исламияб диналда жал рачIунел къукъаби гьарун, рагъго гьабичIого.**

**3. Дуца Аллагьасе тасбихI гьабе: гьев кIодо гьавун ва гьев Аллагьас дуе кьурал кIудиял нигIматазда шукру гьабун. Дуца гьев Аллагьасда дур ва дур умматалъул мунагьал рахчиги тIалаб гьабе. ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жинца тавбо къабул гьабулев, жиндир гурхIел рахIмо гIемерав вуго.**

**Суратул Масади III.**

Маккаялда жиб рештIинабураб, жинда жаниб щуго аят бугеб.

**I. Гьав бахьи къосарав Абулагьабил кIиябго квер бакъвайги ва гьевги гьалаглъун хвайги.** Жиндир кверал ракъварав, жив гьалаглъарав вуго гьев Абулагьаб.

**2. Гьесие щибго гIейи гьабизе гьечIо гьесул васалаз ва боцIи-малалъ.**

**3. Гьев ахираталда лъугьинавизе вуго жиб лагь-лагьулеб жужахIалъул цIадаве.**

**4. Аварагасе заралалъе зазил цIул баччулей йикIарай гьесул чIужуги лъугьинайизе йиго гьеб цIадае.**

**5. Гьелъул габуралда цIакъ бицат гьабун хьухьараб кварги букIине буго гьелъие гIазаб гьабулеблъун.** Маххул гор буго гьеб абуна Мужагьид абулев гIалимас.

Мусаяб абулев гIалимас абуна: «Гьей уму-Жамилил цIакъ багьа хириял маххал рукIана. Гьей гьедун йикIана жинца гьел маххал ричилин МухIамадие зарал гьабизе гIоло абун. Гьеб сабаблъун Аллагьас гьелъул горбода цIадул гор бана гьелъие гIазаб гьабизе»-абун.




**Суратул Ихсал II2.**

**I. Дуца абе МухIаммад,** мун махсароде гьавун дуда гьикъардулел мушриказда: **«Дица жиндие лагълъи гьабулев дир БетIергьан Аллагь вуго жив цогояв,** жиндие щивго гIахьалчи гьечIев, жинда релълъарав цоги Аллагьги гьечIев.

**2. Жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, кинабго махлукъ щибаб лахIзаталъ жинда хIажатав Аллагь вуго гьев.** Жинда тIадехун щивго хан гьечIев, жинда ващадавги гьечIев.

**3. Жиндие лъимер гьечIев.** Жиндир хъизан гьечIев, жив гьезда хIажатавги гьечIев. **Жив цоги чиясул лъимерлъунги гьечIев.** Жиндир ватиналъе авал гьечIев вуго гьев Аллагь.

**4. Гьев Аллагьасдехун башалъи гьабулев, гьесда релълъарав, гьесул гIадаб гьунар-къуват бугев щивго чиги гьечIо.** Жинца жо бижунев, жинца хьихьулев, жинца хвезе гьарун ахираталда тIадги рахъине гьарулев гьаб кинабго махлукъалъул жив цогояв Халикъ вуго гьев Аллагь. Аллагьу Акбар.

Гьаб сурат буго Аллагь цо гьавиялъул бицунеб жиб къокъаб амма магIна камилаб сурат. Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Къул гьуваллагьу ахIад» жинца цIаларав чи Къураналъул лъабго бутIа гьабун цо бутIа цIаларав чиясда релъун вуго»*-абун. Гьеб хIадисалъул мурад буго: Къурьаналда жаниб бицунеб жо лъабго батIияб хIукмуялда хурхараб букIин: Аллагь цо гьави, шаргIиял хIукмаби рици, цересел уматузал хабар бици. Гьаб сурат Аллагь цо гьави жинца бицунеб бугелъул, гьеб буголъана Къурьаналъул лъабил бутIаялда релълъун.

**Суратул Фалакъи II3.**

**I. Дуца абе МухIаммад: Дица цIуни гьарулеб буго жинца рогьел баккинабулев БетIергьан Аллагьасдалъун.**

**2. Гьев Аллагьас бижанщинаб жоялъул квешлъиялдаса.** ГIадамал ругониги, женал ругони, хIайванал ругониги. РухI бугеб букIа рухI гьечIеб букIа жинца зарал гьабизе бегьулеб щинаб жоялъул заралалдаса цIуни гьарулеб буго.

**3. Жиндир бецIлъи цIакъаб сордоялъул квешлъиялдасаги.** БецIаб сардилъ жидеца квешлъи гьабулел гIадамал ва женал къватIире рахъуна. Гьеб сордоялъул бецIлъиги жинца гIадамал хIинкъизе гьарулеб жо буго. Сардилъ алхул хIайванги бихьуларо, борохь-кьинчIги бихьуларо, квешаб гвенд, борхатаб кьуро, гъваридаб кIкIалги бихьуларо.

**4. Жидеца кваралда гарцIал ран, гьезда тIаде хIухьел пун сихIру гьабулел сихIрочагIазул квешлъиялдасаги цIуни гьарулеб буго дица.**

**5. Жинца хIал хъублъи гьабулев чияс хIал хъублъи гьабидалго гьелъул квешлъиялдасаги цIуни гьарулеб буго.** Аллагьу Акбар.

**Сурату Ннаси II4.**

**I. Дуца абе МухIаммад: Дица цIуни гьарулеб буго киналго гIадамазул БетIергьанасдалъун.** Жинца гьел рижарав ва хьихьулев.

**2. Гьел гIадамазул ханасдалъунги.** Гьезул кинабго ихтияр жинда кодоб бугев.

**3. Гьел гIадамаз жиндие лагъалъи гьабизе тIадав Аллагьасдалъунги.**

**4. 5. Аллагь рехсараб мехалъ жал нахъе къалел, жидеца гIадамазул рекIелъ вас-вас ккезабулел шайтIабазул квешлъиялдаса.**

**6. ГIадамаздаса ругел гьел шайтIаби, женаздасаги ругел.** Гьаб цIуни гьари буго киналго шайтIабазул квешлъиялдаса. Щибго шаклъи гьечIеб жо буго гIадамазул шайтIаби жидер зарал цIикIарал рукIин. Женазул шайтIаби нахъе къала гьездаса цIуни гьарараб мехалъ. ГIадамазул шайтIаби гIадамалгун цадахъ рукIунелъул гьезул гукки ва хIела балъгояб букIуна. Аллагьас цIунарав чи гурони гьел шайтIабазул заралалдаса цIунун хутIуларо. Аллагьас нилъ цIунаги кинабго жинца зарал гьабулеб жоялъул заралалдаса. Амин.

ТIадегIанав Аллагьасул тавфикъалдалъун хирияб Къурьаналъул тафсир ва таржама хъван тIабуна. ЦIакъ кIудияб тавфикъ ва квер бакъи гьабуна гьев Аллагьас (عز وجل).

Даимаб, абадияб щукру ва рецц буго Аллагьасе. Гьаб хIалтIи гIададе хвараблъун гьабугеян абун Гьесие хIелулевги вуго.

Жив кIодо гьавураб свалат ва салам хирияв аварагасде лъеги, гьесул агьу асхIабзабадаги лъеги. Гьезул нухалъ хьвадарал киналго муъминзабадаги лъеги.

**Амин.**

## Хадуб рагIи.

Гьаб таржама хъваялда сверухъ цо чIанго суал буго цIаларал гIадамазги, цIаличIезги жиб кьолеб ва Къурьаналъул тафсирги таржамаги гьабизего бегьуларин абун бусурбабазул ракIалда ккезабулеб. Гьел суалазе къокъабго жаваб кьечIого гIолеб хIал гьечIо: гIакъло бугев чиясда къокъаб каламги бичIчIуна, гIакъло дагьасе Инжил-Таврат цадахъго цIаланиги щибго мунпагIат гьабуларо.

**Суал:** Къурьаналъе таржама гьабизего бегьулищ? Гьеб гьабизе гIураб гIелму бугев чи щив вукIунев.

**Жаваб:** Бегьула Хирияб Къурьаналъе таржама гьабизе, ва гьеб таржама гьабизе тIадабги буго жиндаса гьеб гьабун бажарулев чиясда. Таржама гьаби бегьиялъе ва гьеб тIадаб букIиналъе далил буго хирияб Къурьан кинабго халкъалда ва жиназда исламияб дин лъазабизе рештIинабураб Аллагьасул калам букIин. Гьаб кинабго гIаламалда гIараб мацI лъазабизе тIадаб буго абун хъвараб бакI гьечIо, амма кинабго халкъ хирияб Къурьаналда нахъ рилълъине тIадаб буго. Гьедин бугелъул гьаб Къурьан жинда гIараб мацI лъалев чияс гьеб гIараб мацI лъаларесда бицине ккола ва бичIчIинабизе ккола. Гьелда абула «таблигъ»-абун. Къурьан цояс цогидасде щвезаби. Гьаб «таблигъ» тIадаб бугелъул, гьелъие киналго нухал хIалтIинаризе бегьула: кIалалъ бицун, кагътида хъван, касета-дискалда хъван.

Ва амма Къурьаналъе таржама гьаби бегьуларо гьелъул щибаб рагIиялъе хасаб магIнаги гьабун. Гьедин гьабизе бегьунгутIиялъе гIилла буго гIараб мацIалда цохIо рагIиялъул чанго батIияб мугIна букIин. Къурьаналъе таржама гьабулев чиясда лъазе ккола Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг чIаго вугеб мехалъго гьеб Къурьаналъул рагIабазул ва аятазул магIна хириял асхIабзабаца аварагасда гьикъулеб букIараблъи. Гьелдаса хадуб жакъа къоялда щвезегIан исламалъул кIудиял гIалимзабаз Къурьаналъе гьабураб тафсиралъул гIемер батIи-батIиял тIахьал руго. Гьел тIахьаздаса мунпагIатги босун, гьез бицараб тафсиралда мугъчIвайги гьабун гьабизе ккола Къурьаналъул таржама.

**Суал:** Хирияб Къурьан Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасе мугIжизатлъун бугелъул, гьеб цоги мацIалда буссинабураб мехалъ гьелъул мугIжизатлъун букIин хвела гурищ?

**Жаваб:** хирияб Къурьан бищунго кIудияб мугIжизат буго Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагасе рукIарал гIемерал мугIжизатаздаса. Гьеб мугIжизатлъун букIин буго жиндир назмоялъул рахъалъги, жинца хиияв аварагасда церехун рукIарал ва хадур рукIинесел цо-цо гъаибал умурал рицунеб букIиналъул рахъалъанги. Нилъеца гьаб хирияб Къурьан цоги мацIалда буссинабураб мехалъ нилъеда цIунизе кIоларе жо буго гьеб Къурьаналъул назмоялъул берцинлъи, магIна гъварилъи ва пасихIлъи. Нилъеда гьеб цIунизе кIвечIо абун Къурьаналъе щибго мукъсанлъи бачIунаро, нилъее мунагь-хIакъги букIунаро.

Нилъеца гьабураб тафсир мугIжизатлъун букIунаро. Гьедин бугелъул гIараб мацIалда бугеб, жиндир цохIониги хIарп ва рагIи хисинабичIого жакъа къоялда щвезегIан нахъе цIунун бугеб Къурьан

буго жиб мугIжизатлъун букIараб ва хадуб букIинеги бугеб. Гьеб Къурьаналъе гьабураб тафсир ва гьелъул таржама мугIжизатлъун букIунаро ва букIинеги кколаро.

**Суал:** Ццересел кIудиял гIалимзабаз гьабичIо гурищ Къурьан магIарул мацIалда бусине. Гьеб буссинабизе бегьулеб батани дол гIалимзабаз шайха гьабичIеб?

**Жаваб:** Ццересел гIалимзабаз гьеб Къурьан магIарул мацIалда бусинабичIин абун гьелъие таржама гьабизе бегьуларин абураб хIукму гьабуларо. Дол гIалимзаби гьеб таржама гьабизе лъаларел ракIинчIо. Дозул заманалда ва хIалалда балагьараб мехалъ гьел гIалимзабазул квер щун букIинчIо Къурьан таржама гьабун, гьеб зарбоялда бахъун халкъалда гьоркьоб тIибитIинабиялда. Дагъистаналда матIбагъ рагьун гIемер заманаго инчIого Аллагьасул тушбаби болшевиказ гьеб матIбагI къана ва исламияб диналдаги бусурбабаздаги тIад гьобо хенезабуна.

Гьоркьохъеб Азиялъул, Татаразул, Башкиразул гIалимзабаз ва цогидалги бусурбабазул гIализабаз жидер квер щварабгIан гIатIидго Къурьанги, хIадисги, пикъгьуги ва цогидаб гIелмуги жидер мацIалда буссинабун букIана.

Турциялда щведалго дир беразда бихьана хирияб Къурьаналъул анцIгоги, къогоги мужалад (том) бугеб тафсир Турк мацIалда буссинабун зарбоялдаги бахъун гьезул мактабазда (библиотека) лъун. Гьединго Турк мацIалда буссинабун буго хирияв аварагасул хIадисги, гьесул сиярги, фикъгьуги ва цогидаб шаргIияб гIелмуги.

**Суал:** Къурьан таржама гьабураб мехалъ гьеб диналъул щибго кIвар гьечIел гIадамазги цIалулеб буго ва гьеб Къурьаналъул къимат-къадро холеб буго.

**Жаваб:** Жинда Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагада Къурьан рештIинабулеб мехалъ гьесда сверухъ бугеб халкъ мушрикал рукIана ва гьел Аллагь цо гьавун гьесие гIибадат бацIцIад гьабиялда жинца ахIулевлъун аварагги вукIана. Хирияв аварагасдаги, гьес цIалулеб Къурьаналдаги гьел мушриказ чанго бугьтан лъуна, гьел махсародеги гьаруна. Мушриказ ва цогидал инкарчагIаз щиб рагIи абуниги хирияб Къурьаналъул къимат-къадро хвечIо.

Хирияв аварагас гьеб Къурьаналдалъун исламияб диналда ахIун жидеца гьеб дин босарал багьадурзабаз Аллагьасул тушбаби гIодорегIан гьаруна ва Аллагьасул дин тIадегIан гьабуна. Хирияб Къурьан буго жинца гIадамал исламияб диналда тIоритIулеб, ва гьел купруялъул, жагьиллъиялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралда рачунеб ТIадегIанав Аллагьасул калам. «Гьаб жо Къурьан буго» - анги абун багIараб хамил кисинибги лъун рукъалъул бокIоналда Къурьан магIида дализабиналъ щивго чи исламияб диналда тIовитIунаро. Гьеб Къурьанги цIалун, гьелда жаниб бугеб жоги бичIчIун, гьелъул пикру ва тадбирги гьабун рачIуна гIадамал Аллагь лъаялда, гьев цо гьавиялда ва гьесие гIибадат гьабиялда.

Жинда жаниб хъвараб жоялъул магIна лъаларев чиясги ТIадегIанав Аллагьасул калам букIиналда божун хирияб Къурьан кIодо гьаби гьев чиясе ажро-кири бугеб гIамал буго. Жинда магIна бичIчIуларев чиясги Къурьан цIали лъазеги гьабун гьеб Къурьан берцинго гIараб мацIалъул хIарпал рахъунеб хIалги цIунун цIалиги ажро-кири бугеб гIамал буго. Ва амма жиндир магIнаги бичIчIун, гьелъул пикру тадбирги гьабун Къурьан цIали, цинги жинца цIалараб жоялда гIамал гьабиги буго хрияб Къурьан рештIинабиялдаса бугеб мурад ва гьаб буго жинда ТIадегIанав Аллагь разилъулеб гIамал.

ГIараб мацI лъаларел гIадамазда жидерго мацIалъ гьаб хирияб Къурьаналъул магIана бичIчIинабулев ва гьезухъе Къурьан щвезабулев чи вуго жинца ТIадегIанав Аллагьасул амру тIубарав чи. Хирияб Къурьаналда жаниб ва Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасул хIадисазда жаниб гIемер буго нужеца гIадамал лъиIаб гIамал гьабиялда ахIе ва гьел квешаб гIамалалдаса нахъе чIвай абун нилъеда амру гьабулел аятал ва хIадисал.

<u>ЦIакъго жинда кантIине кколеб жо:</u> Аллагьасулги бусурбабазулги тушбабилъун ругел жугьутIазул ццерехъаби ва гIарабиязул улкаби асир гьарун рукIарал Европаялъул хIукуматазул бутIрул гьанжеялдаса кIиго къарнуялъ ццерего ургъун руго исламияб дин гIодобегIан гьабине ккани щиб жодай жидецца гьабине кколеб абун. Гьез хIукму гьабун буго бищунго ццебе бусурбабада гьоркьосан Къуран цIали тIагIинабизе кколин, хадуб Макка, Мадина чIунтинабизе кколин ва Египеталда бугеб Аль-азгьаралъул цIали хвезабизе кколин абун. Гьал Аллагьасул тушбабазул мурад тIубачIого букIине ккани бусурбабада тIадаб буго КъурIан цIали, гьеб рекIехъе лъазаба ва гьеб цргидазухъе щвезабиялда тIад хIалтIи гьабизе.

ТIадегIанав Аллагьас нилъее тавпикъ гьабеги хIакъаб жо лъазе ва гьелда гIамал гьабине. Аллагьас битIараб бичIчIи ва гIакъло кьеги жидеца гIадамазе ццерехъанлъи гьабулел цIаларал гIадамазе. Гьал

гIадамал ритIун хьвадичIеб заман буго исламияб дин загIиплъараб, гьеб дин пасалъараб заман. Гьал гIадамал Аллагьасдаса хIинкъичIеб заман буго ахир замана цIакъго гIагарлъун букIиналъул гIаламат. Гьал гIадамаз жидер дин дунял тIалаб гьабилъун ккураб заман буго ТIадегIанав Аллагь жиндир лагъзадерида рази гьечIеб заман.

Я гьал бусурбаби! Щивав инсан ТIадегIанав Аллагьас гIакъло-лъайги кьун, мацI бицуневлъунги гьавун вижун вугелъул, щивав инсанасда тIадаб буго жинца хIакъаб, битIараб нух тIалаб гьабине ва гьеб нухда хьвадине. Дица бицарабги, цогидаз бицарабги жоялъул пикру гьабине гьеб шаргIалъул цIадираялда лъун борцине ва ТIадегIанав Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьесул мурад цIунун, гьесул расуласул нухдаса хьвадун, абадияб рукълъун жиб бугеб алжаналда лъугьинавулеб лъикIаб гIамал гьабине.

Вореги нужеда ракIалда ккоге цогидазул гIамалалъ нуж хвасар гьарилин абун. Нужер БетIергьан Аллагь бищунго нужеда гIагарда вуго, бищунго нужеда гурхIулевги вуго. Нужеца кинабго гIамал гьев Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьабе ва нужер хIажатги гьесда гьаре, нужер божин ги, хьул лъейги, хIинкъиги цохIо Аллагьасде буссинабе!

ТIадегIанав Аллагьас тавпикъ гьабеги жив разияб гIамал гьабине.

***ХIакълъунго ТIадегIанав Аллагь жив гурхIулев ва жинца тавбо къабул гьабулев вуго.***

**Хирияб Къуръаналъул тафсиралъул таржамаялда жанир данд чIвалел цо-цо гIараб рагIабазул баян**

**Абад, абадияб** – жиндие ахир гьечIеб тIаде бачIунеб заман

**Азал, азалияб** - жиндие авал гьечIеб ццебехун араб заман

ТIадегIанав Аллагьасе буго гьаб кIиябго сипат: ал-къидаму, ал-къадиму-Жив ватиналъе авал гьечIев (азалияв); ал-бакъау, ал-бакъи- Жив нахъе хутIин даимав (абадияв).

**Ажал** - цо жоялъе къадар гьабураб замана. Инсанасул ажал - гьес дунялалда базе къадар гьабураб замана.

**Аманат** - щиб бугониги Аллагьасдаги лагъасдаги гьоркьоб бугеб яги гIадамазда гьоркьоб бугеб божилъи, къотIи.

**Амин** - дугIа гьабулаго абулеб «Дуцца жаваб гьабе БетIергьан!» магIнаялда бугеб рагIи.

**Ансарал** - жидецца квер бакъи гьабулел. Мадинаялъул асхIабзабаде абулеб хассаб цIар гьез Маккаялдаса рачIарал асхIабзабазе квер бакъи гьабиналъе гIоло.

**АсмауЛЛагьи-лхIусна** - ТIадегIанав Аллагьасул берцинал цIарал.

**АсхIаб** - жинда авараг вихьарав ва гьесда иман лъун гьесулгун гьалмагълъи гьабурав чи

**Агьлул-байт** - МухIаммад аварагасул рукъалъул агьлу, гьесул хъизан.

**Агьлу-зимат** - бусурбабазул цIуниялде гъокь гьезул ракьалде ругел ягьудиял ва христианал. Исламияб дин босине мукIурлъичIел магъало тIад лъун жидерго дин гьабизе изну кьун тарал китабиял.

**Ахлакъал** - инсанасул тIабигIатал, гьес хьвадизабулеб гIамал.

**Ахират** - дунял пасалъун (паналъун) хадуб букIинесеб абадияб рукъ.

**Аят** - гIаламат, Аллагьасул рахъалъан бугеб гIажаиблъи гьабизе кколеб иш, хIикмат.

**БайгIат** - Аллагьасул ва гьесул расуласул диналъул ишазе мутIигIлъизе бусурбабаз жидер амирасе, имамасе гьабулеб къотIи.

**Баракат буголъи** - Аллагьасул изнуялдалъун дагьаб жоги жиндир лъикIлъи гIемераблъун, пайда-хайир кIудияблъун лъугьин.

**Барзах** - инсан хун хадуб гьев къиямасеб къо бачIун тIаде вахъинавинегIан гьоркьоб бугеб замана, гьес хобалъуб балеб замана.

**БидгIа** - Аллагьасул диналде жаниб гьелдаса жиб гьечIеб жо гьаби; инсанас жиндиего бокьун, гьадин лъикI букIилин абун, щиб бугониги диналъулъ цIикIинаби. Диналдаса жиб гьечIеб жо гьеб диналъулъ цIикIинаби хIарамаб буго.

**Буракъ** - хирияв авараг мигIражалде араб сордоялъ Маккаялдаса Байтул-мукъадасалде щвезегIан жинда тIаде рекIун вукIараб хIайван.

**Вассият** - жив хун хадуб гьабе абун цо чияс жиндир гIагарав чиясда гьабулеб аманат, тIадкъай.

**ВахIю** - Аллагьасул рахъалъан жабраил малаик гьоркьов ккун аварагзабаде гьабулеб хитIаб. Гьеб вахIюялдалъун бачIараб жо букIуна щивав аварагас жиндир умматалде малъулеб дин.

**Гъаибаб жо** - цохIо Аллагьасда гурони жиб лъалареб гIадамазе балъго бугеб, гьездасан рикIад бугеб жо.

**ГIибадат** - лагълъи гьаби, мутIигIлъи. ХIакъаб лагълъи цохIо Аллагьасе гурони гьечIо.

**ГIидда** - росс хун хадуб, яги гьес йиччан хадуб цоги росасе инчIого чIужуялъ базе кколеб заман.

**ГIумра гьаби** - гьитIинаб хIаж гьаби. Маккаялде щварав чияс гьабизе суннатаб буго гIумра. Гьелъие хассаб заман гьечIо. хIажалде релъун цо нухалъ гIумра гьаби паризаяб буго.

**ДагIват** - Аллагьасул диналде гIадамал ахIи.

**Джагьилия** - исламияб дин бачIинелде ццебе букIараб заман. Аллагьасе гьабичIого цIадуе, бакъуе ва цогидабги жоялъе гIадамаз лагълъи гьабулеб букIараб заман.

**Дин** - щиб бугониги жоялъе мутIигIлъи, гьелъ малъухъин хьвади. Аллагь тун батIияб жоялъе гьабулеб дин батIулаб буго. ЦохIо исламияб дин гурони инсанасе бегьулеб цоги дин гьечIо.

**Дият** - чиясде ругъун гьабуни гьесие кьезе, яги гьев чIвани гьесул гIагарлъиялъе кьезе тIад лъолеб гIакIа.

**ДугIа** - Аллагьасде гьабулеб гьари.

**Джин, жундул** - Аллагьас гIакълу-лъайги кьун, динияб таклифги тIад къан бижараб махлукъ. Гьезулги инсанасулго гIадин бусурманал ва капурал кIиго тайпа буго. Капурал жундузда щайтIаби абун абула. Малаикзабиги руго жидеда тIад таклиф къан рижарал, амма гьел киналго Аллагьасе мутIигIал руго, цохIо лахIзаталъги гIибадат гьабиялдаса гъапуллъуларел руго.

**Жизят** - китабиязда тIад лъолеб магъало (налог).

**Жигьад** - Аллагьасул дин цIунун, гьеб тIадегIан гьабизе гIоло исламияб диналде гьечIел гIадамазде гьабулеб рагъ.

**Закат** - бечедал гIадамаз жиред боцIи-малалдаса мискинзабазе кьезе тIад гьабураб къадар.

**Зиярат** - чIагоязухъе гьел рихьизе ва гьезулгун гьуинлъи гьабизе ин. Хваразухъе гьезие дугIа гьабизе ин.

**Зугьду, загьид** - дунялалехун рокьи гьечIолъи, гьеб тIалаб гьабун гутIи.

**Ижтигьад** - гIалимчияс Къуръан-хIадисалда ва имамзабазул рагIиялда борцун шаргIияб хIукму гьаби. Гьедин хIукму гьабула ццересел гIалимзабаз хIукму гьабичIел гьанже тIад рачIарал шаргIиял масъалабазулъ.

**Имам** - исламияб жамагIаталъул ццевехъан, как базе ццеве лъугьунев чи, динияб хIаракаялъул бетIер.

**Иман** - божи. Аллагьасда, малаикзаби рукIиналда, Аллагьас тIахьал рещтIинариялда, аварагзаби ритIиналда, ахират-къиямасеб къо букIиналда ва Аллагьасул къадаралда божи. Гьеб буго ракIалъул гIамал.

**Ислам** - мутIигIлъи. Аллагьасул диналъе мутIигIлъи: шагьадат битIи, как бай, кIал кквей, закат бахъи, хIаж гьаби. Гьеб буго черхалъул гIамал.

Гьаб кIиябго жо цадахъго букIун гурони инсан хIакъаб диналде вукIунаро. Масала: иман лъунаянги абун черхалъ гIамал гьабичIого чIчIани гьеб иман лъей гIоларо. Иманги лъечIого черхалъ гIамал гьабуни гьебги къабул гьабуларо.

**ИгIтикаф** - Аллагь разилъи тIалаб гьабун масжидалде жанив чIчIун гIибадат гьаби.

**Ихласс** - инсанас гьабулеб динияб гIамал гIицIго Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьаби.

**ИхIрам** - хIаж бухьи.

**ИхIсан** - Аллагь дуда вихьулев вугев гIадин, гьесда мун вихьулев вукIин лъан, гIибадат мухIканго, камилго гьаби.

Исраъ - хирияв авараг Маккаялдаса Байтулмукъадасалде сардилъ ин.

**МигIраж** - гьев авараг зобалазде тIаде вахи, ин.

**Кабаирал** - кIудиял мунагьал.

**Китабиял** - Аллагьас рещтIинабураб тIехьалда иман лъун гьелда нахъ рилълъарал гIадамал. Муса аварагасде ва ГIиса аварагасде нахъ рилълъарал гIадамал.

**Кавсар** - алжаналда жанисан чваххунеб гIор.

**Куфру** - инкар кквей. Аллагьасда ва гьесул диналда инкар кквей.

**Къибла** - как балев чи вуссунеб рахъ. КагIба рукъалдехун руссун бала как дунялалъул киналго рахъазда ругел гIадамаз.

**Къиссас** - рецIел боси. Ругъун гьабуни яги чи чIвани гьелда данде гьабулеб рецIел боси.

**Къияс** - жинда релъаралде борцун шаргIияб хIукму гьаби. Къуръан-хIадисалдаса далил (хIужа) щвечIеб мехалъ гьабула къияс.

**ЛигIан гьаби** - росс-лъадиялъ цоцазе квешаб дугIа гьаби. ЧIужуялъ зина гьабунин абун россас абидалго ва гьелъие нугIзалги гьечIеб мехалъ букIуна гьаб лигIан гьаби.

**МагIрифат** - Аллагь лъай.

**МахIрамиял** - росс-лъадилъун лъугьине шаргIалъ гьукъарал ццерессел гIагарал чагIи.

**Минарет** - масжидалде букIунеб как ахIизе будун вахунеб борхатаб си.

**Минбар** - хутIба гьабизе имам вахунеб бакI.

**МихIраб** - как базе имам вахъун чIчIолеб жаниблъи (гьитIинаб рукъ).

**Мугьажирал** - Маккаялдаса гьижра гьабун Мадинаялда арал асхIабзабаде абулеб хассаб цIар.

**МугIжизат** - жинца инсан гIажиз гьавулеб, гьесде бичIчIине кIоляреб иш. МугIжизат букIуна аварагзабазе. Аллагьас гьел ритIуна мугIжизатгун жидер уммат иман лъеялде ахIизе.

**МухIаддис** - жинда хIадис гIилму лъикI лъалев гIалимчи.

**Наби, набиюллагь** - Аллагьас диналде уммат ахIизе витIарав чи - авараг: жиндихъе тIехь рещтIичIев ва жинда хассаб шаригIатги гьечIев.

**НасихIат** - инсанасдехун лъикIаб бер балагьи ва гьесда лъикIаб жо малъи. РакI бацIадавлъун вукIин.

**Нагью гьаби** - цо иш гьабугеян лъазаби (амру гьаби).

**Расул, расулуллагь** - Ааллагьас жиндихъе тIехьги кьун, жинда хассаб шаригIатги гьабун гьеб диналде уммат ахIизе витIарав чи - авараг.

**РакагIат** - как балев чияс гьарулел хассал гIамалал

**РукугI**- как балев чи вахъун чIун хадуб накабазда квералги лъун гIодов къули.

**Риба** - цо чияс цогидасухъе гIарац кьей гьеб гIарац тIад бусинабулеб мехалъ цIикIинабун кьей шартI гьабун. Масала нусго гъурущ кьей нусиялда анцIго гъурущ тIад бусинаби шартI гьабун.

**Ридат, муртадлъи** - исламияб диналде вукIарав чи куфруялде ин, гьес диналда инкар гьаби.

**Садакъа** - мискин-пакъирасе Аллагь разилъи тIалаб гьабун кьолеб жо.

**Сивак** - кIал бацIиад гьабизе хIалтIинабулеб алат.

**СиратI** - жужахIалда тIад лъун бугеб кьо, къиямасеб къоялъ щивав чи жинда тIассан ине кколеб. Къуръаналда жаниб битIараб нух магIнаялдаги бачIуна гьеб рагIи.

**Сужда гьаби** - ракьалде бетIер цузабун Аллагьасе мутIигIлъи загьир гьаби. Гьеб сужда Аллагь тун батIияб жоялъе гьабизе хIарамаб буго.

**Суннат** - нух, гIадат. ШаргIалда рекъон суннат абула аварагасул нух, гьесул хьвади, гIамал тIабигIатлъун кквеялда.

**Сурат** - къуръаналъул цо къотIел. Къуръаналда жаниб II4 сурат буго.

**Таямум гьаби** - лъим батичIев чияс яги лъималъ чуризе рес гьечIев чияс как бай хIалаллъизе гIоло ракьалде кверал кьабун гьел кверал цо нухалъ гьумералде лъулъай, цингиги ракьалда кьабун кIиябго квералъ гъуждул лъулъай.

**Таклиф** - цо жо тIад къай: паризаяб жо гьабеян аби, хIарамаб жо теян аби гIадаб.

**ТагIзият** - хварав чиясул гIагарлъиялда зигара бай.

**ТIаваф гьаби** - хIаж гьабулев чияс кагIба рукъалде сверун анкьго нухалъ свери бахъин.

**Такъва** - Аллагьасдаса хIинкъи, гьесие мутIигIлъи, гьев разилъи тIалаб гьабун хьвади.

**ТасбихI**-Аллагь вацIцIад гьави. СубхIаналлагь аби.

**ТахIмид** - Аллагьасе рецц гьаби. АлхIамдулиллагь аби.

**Тагьлил** - лаилагьа иллаллагь аби.

**ТавхIид** - Аллагь цо гьави.

**Таслим** - салам кьей. Ассаламу гIалайкум ва рахIматуллагь аби.

**Тафсир** - баян гьаби. Аллагьасул калам баян гьабиялда абула тафсир гьаби абун.

**Ташагьуд** - как балев чияс гIодов чIун аттахIияту цIали.

**Фарз** - гьабизе тIадаб иш. Фарзу гIайн - щивав чияс гьабизе тIадаб иш.

**Фарзу кифаят** - бусурбабазул цо къукъаялъ гьабизе тIадаб иш. Масала: хварав чи чури, гьев хобалъув лъей. ГIелму тIалаб гьаби. Ва гьелда релъараб исламияб жамагIаталъе хIажатаб иш гьаби. Цонигияз гьабичIого гьеб иш гIодоб тани кинабго жамагIат мунагьалъулъ ккола.

**Фатва** - шаргIалда рекъон хIукму гьабун гIалимчияс жаваб кьей.

**Фай** - рагъ гьабичIого капурзабадасан бусурбабазе щвараб боцIи-мал.

**Фидят** - гIакIа. Цо шаргIалъ тIад къараб иш гьабичIого хутIараб мехалъ кьезе кколеб гIакIа.

**Фикъгьу** - гIелму, лъай. ШаргIияб гIилму лъай. Факъигь-жинда шаргIияб гIелму лъалев чи.

**Халил,** халилуллагь - цIакъго тIокI гьавун Аллагьасе вокьулев чи.

**ХулгI гьаби** - чIужуялъ россасдаса ятIалъизе бокьидалго гьесие боцIи-малги кьун гьесулгун букIараб ригьин биххи.

**Хумус** - гъазават гьабун щвараб боцIи-малалъул щуго бутIаги гьабун цо бутIа. Гьеб кьола имамасухъе ва гьес бикьула шаргIалъ бихьинабураб хIалалъ.

**ХIадис** - аварагасул ргIи, яги гьесул гIамал баян гьабун асхIабас бицараб калам.

**ХIадисул къудси** - Аллагьасул рахъалъан аварагасде вахIю гьабун, яги жабраил малаик витIун, яги макьилъ бихьун ва цоги нухалде бугониги аварагасде Аллагьас гьабураб калам живго аварагас бицин. Гьеб калам Къуръан гуреб буго. Къуръаналъул жинда хассал хIукмаби руго ва гьеб цохIо хIарп тIаде цIикIинабичIого яги цохIо хIарп тIасан рехичIого цIунун бугеб Аллагьасул калам буго.

**ХIад** - гIорхъи. Цо хIарамаб жо гьабурав чиясе шаргIалда рекъон гьабизе кколеб тамихI.

**ХIукму** - Аллагьас жиндир лагъзадерица гьабизе бихьизабураб гIамал. Ханас, хIакимас жиндир корщаликь ругезе гьабулеб гIадло, тадбир.

**ШаригIат** - къуръан-хIадисалде рекъон, гьелъ малъухъин хьвадулеб нух. ХIалал-хIарам, суннат-карагьат, тIадаб ва гьукъараб жо баян гьабураб къанун.

**Шагьадат** - нугIлъи гьаби. Исламалде вачIарав чияс абулеб калима: ашгьаду аллаилагьа иллаллагь ва ашгьаду анна мухIаммада ррасулуллагь-абун.

**Шагьват** - черхалъе бокьулеб жо, гьава-напсалъул мурадал.

Шагьид - Аллагьасул диналъе гIоло вагъулаго хварав чи. ЦIаялъ вухIун, лъадалъ гъанкъун, хIайваналъ чIван ва цоги балъгояб балагьалдалъун хварав чиядаги абула шагьид абун.

**Ширк** - Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъулъ цо щиб бугониги Аллагьасул махлукъ гIахьал гьаби, гьелде ахIи бай, гьелда хьул лъей ва божилъи гьаби.

**Якъин, хIакъулякъин** - мухIканаб, жиндилъ щибго щаклъи гьечIеб иш.

## ТIадегIанав Аллагьасул калам Къуръан баян гьабулел гIелмаби ва гьеб цIалиялъул адабал рицунеб калам

Хирияб Къуръан буго тIадегIанав Аллагьас жиндие вокьулев МухIаммад аварагасда рештIинабураб тIехь, гьелдалъун жинца гIадамал жагьиллъиялъул бецIлъиялдаса иманалъул нуралде рачине, куфру-ширкалъул, зулму-хIалалъул, талихI къосиналъул нухдасан гьел хвасар гьаризе.

ТIадегIанав Аллагьас абуна:

**Гьаб буго Дица дуда рештIинабураб тIехь, дуца гIадамал куфруялъул ва жагьиллъиялъул бецIлъудасан иманалъул нуралде рахъинаризе, гьезул БетIергьанасул изнуялдалъун ва кумекалдалъун. Жив веццарав, жиндир гьунар-гуч бергьарав Аллагьасул нухалде гьел ахIизе.** Сурату Ибрагьим, I аят

Къуръан буго халкъ бижарав Халикъас гьеб халкъ тIобитIиялъе ва гьезие лъикIлъиялъе лъураб къанун (закон). Гьаб Къуръан хирияв аварагасде рештIинабуна тIадегIанал хIикматазе гIоло ва къиматал мурадазе гIологи. Гьездасан буго:

**- ТIадегIанав Аллагьасул нухалде гIадамал тIоритIулеб ва гьел абадияб бахьи буголъиялде рачунебги букIине.**

ТIадегIанав Алагьас хирияб Къуръаналда жаниб хIакъаб дин баян гьабун буго, Аллагьасе битIун гIибидат гьабиги бицун буго, пайда гIемераб вагIзаги, гIелму гьваридаб гIакълуги, къимат кIудияб тIабигIатги баян гьабун буго, берцинаб мацIалдалъун насихIатги гьабун буго.

Гьеб кинабго жо буго лъкIлъи бокьараб къавмалъе ва гIакълу бугеб жамагIаталъе жидер дунялияб ва динияб ишалъулъ чара гьечIого гьел жинда хIажалъулеб. Гьединлъидал Къуръан буго Аллагьас рештIинарурал тIахьазул бишунго лъикIаб, жиб даимго нахъе цIунун хутIулеб, инсанасул киналго хIажатазе жинца нух малъулеб далил ва имам.

**- Хирияв авараг жинца бицунеб жоялъулъ ритIухъав вукIиналде тIоритIел гьабулеб мугIжизатлъунги букIине.**

Аллагьасул свалат салам лъеяв МухIаммад аварагас гIадамал ахIана гьезул хIакъав БетIергьанлъун вугев Аллагьасе гIибадат гьабиялде, гьев Аллагьасдехун ширк гьабиялдаса ва цогидал загьиралги батIиналги къабихIал ишаздаса гьел нахъеги чIвана. Гьев расулас гIадамаздеги абуна:

«Дун Аллагьасул расул вукIиналъе далиллъун ва дие мугIжизатлъун хирияб Къуръан буго. Нужеда кIолеб батани гьеб Къуръаналъул цохIо сураталда релълъараб жогIаги гьабеха нужецца»-абун. Гьезда гьеб гьабизе кIвечIо, кигIанго пасихIаб къавмлъун гьел ругониги ва гьел аварагасдаса къун, гIодоргIанлъун хутIана. Къуръан Аллагьасул калам букIинги, МухIаммад гьесул чапар вукIинги гьедин хIакълъана.

**- Жиб цIалун, рекIехъе лъазабун, жиндилъ пикру гьабун ва жиндир хIукмуялде нахърилъулъун гIадамал Аллагьасде гIагарлъиялъе сабаблъунги букIине.**

Муъминчиясда хирияб Къуръан Аллагьасул калам букIин лъай буго бищунго багьа тIадегIанаб иш. Къуръаналъул бицун рачIарал хIадисал цIакъго гIемер руго.

Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *ТIадегIанав Аллагьасул тIехьалдаса цохIо хIарф цIаларав чиясе лъикIлъи буго (кири буго). Цо лъикIлъи анцIго нухалъ цIикIинабун букIуна. Дица абуларо алиф, лам,мим абураб рагIи цо хIарф бугин. Алиф хIарф буго ламги хIарф буго мимги хIарф буго»-* абун.

МагIна лъачIониги жиб цIалун кири щвей цохIо Къуръаналъе бугеб хаслъи буго. Цогидаб жоялъул жиб цIалиялдалъун кири букIунаро, гьелъул пикру гьабун, гьелдаса бичIчIараб жо хал гьабун гурони. Диналъул аслолъун гьабураб какилги инсанасе кири гьечIо гьеб какалдаса жиндие бичIчIараб жоялда релълъараб гурони.

Тирмизияс АбусагIидидаса бицараб хIадисалъулъ буго:

*«Аллагьасул расулас абуна: ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Къуръан цIалиялъ дидаса жо гьариялдаса машгъул гьавурав чиясе Дица гьарараза кьолелдасаги лъикIаб жо кьезе буго»- абун.*

ГIабдуллагь ибну МасгIудидаса бицараб хIадидсалда буго:

*«Аллагьасул расулас абуна: гьаб Къуръан буго Аллагьас рештIинабураб рухIияб квен. Нужеца хIал кIвараб жо лъазабе гьеб Аллагьасул квеналдаса»-абун.*

Имам Бухарияс ГIусман асхIабасдаса бицараб хIадисалдаги буго:

*Аварагас абуна: «Нужер бищун лъикIав вуго жинца Къуръан лъазабурав ва жинца гьеб цогидаздаги лъазабурав чи»- абун.*

Гьединго ТIадегIанав Аллагьас жинда тIад босун буго хрияб Къуръан хиса-сверизабиялдаса цIуни. Суратул ХIижриялда абун буго:

**ХIакълъунго Дица рещтIинабцуна Къуръан ва Дун вуго гьеб цIунулевги.**

Ал- ХIижри, 9 аят

Гьедин Къуръан цIунараб букIиналъе гIаламат буго Аллагьас гьеб гьабун букIин жиб рекIехъе лъазабулеблъун. Хирияв аварагас бицараб хIалалъ щцевесес хадусесухъе бицун кьун, щибго хис-бас гьечIого жакъа къоялде щвезегIан гьеб бачIун букIинги. Щибаб заманаялъ Аллагьас Къуръаналъул кIавр гьабулел, жидеца гьеб мухIканго лъазабун, хадуб цогидаздеги лъазабун гIумруго гьелъие хъулухъ гьабиялъе кьурал гIалимзаби гьарун рукIинги.

Къуръаналъе хъулухъ гьабун цояз гьелъул пасахIалъиялъул бицана, цогидаз мугIжизатал рицана, цогидаз шаргIиял хIукмаби рицана, цогидаз игIраб, цогидаз къисса-хабар бицана. Щибаб аят рещтIинаъе сабаб бицун, жиндир хIукму хвезабараб ва жинца хIукму хвезабураб аят бицун, жидер магIна мухIканал, жидер магIна баян гьабичIого тарал ятал рицун тIахьал хъвана.

Къуръан цIализе кколел къагIидаби рицана, хIурупал рахъунеб бакI, гьаракь-макъан рекъон цIалулеб хIал бицана. Къуръаналда жанир ругел надирал рагIабазе баян гьабуна, Мадинаялда ва Маккаялда рещIтIинарурал суратал- аятал батIа гьарун рицана. ЦIакъго гIемерал гIалимзабаз Къуръаналъе тафсир - таржама гьабуна, гьелъул магIна ва мурад баян гьабуна.

Гьаб кинабго иш гьадин букIиналъе сабаб буго щивав инсанасул дунялияб ва ухравияб бахьи буголъи Къуръаналдалъун букIин. Гьелъ тIовитIарав чи бахьи бугев вуго, гьелда гIамал гьабичIев бахьи къосаравги вуго. Гьединлъидал чара гьечIого лъазе тIадаб буго Къуръаналъ щиб бицунеб бугеб, сунде ахIулел ругел ва щиб жоялдаса нахъчIвалел ругебги.

Къуръаналъе тафсир гьаби буго гьеб баян гьабулеб кIул, гьелъ жидеда щвей ьабулел кIудиял ва гIемерал хазинаби жинца ричIунеб. БитIараб ва мухIканаб тафсир букIун гурони Къуръаналъ бицунеб тIоритIел ва нухмалъи лъазе рес гьечIо, кигIанго гIемер гьеб цIаланиги ва такрар гьабуниги.

Къуръаналъул гIелмабазда хурхараб, жиндир щцересел ва хадусел гIалимзабаз гIемер бицен гьабураб масъала буго гьеб хирияб Къуръан гIажам мацIалде буссинабун гьелъул магIна баян гьабулеб таржама гьаби. Гьеб масъала баян гьабун МухIамад ГIабдулгIазим Заркъанияс лъикIго гIатIидаб бахIс хъван буго «Манагьилул гIирфани фи гIулумил Къуръани» - абулеб тIехьалда жаниб.

**МухIамад ГIабдулгIазимица хъвалеб буго:**

Къуръаналъе гьабураб таржамаялда цIар лъезе ккола «Къуръаналъул тафсиралъул таржама»-абун. Гьеб таржама гьабиялъул мурадги букIине ккола:

- Къуръаналъул берцинлъи ва пасихIлъи бахчараб пардав борхун гIараб мацI лъаларел бусурбабазе гьелъул рагIабазул магIна ва мурад баян гьаби. Гьелдалъун жидеда Къуръаналъул магIна бичIчIи бигьалъизе ва гьезул иманги цIикIине. Къуръаналдехун бугеб гьезул рокьиги жегиги гIемерлъизе. Гьелъул нухда нахърилълъун жал тIоритIун ккезе ва гьелъул ралъдалъан жидеца гIелму босине. Къуръаналъ жинда щвей гьабулеб жо лъан гьелдаса мунфагIат босизе ва далил (сабаб) лъан жидер иманги гIелмуги цIикIине.

Гьаб мурад гьадин букIин ва тафсиралъе гьабураб таржамаялъул пайда кIудияб букIин дуда бичIчIуна лебалав гIалимчияс Къуръаналъул тафсир бицун дарс цIалиялде гIенеккидал букIунеб пайдаялда борцун: жидерго мацIалъ гьезие тафсир баян гьабидалго, гьел жинда хIажалъулел масъалабиги рициндалго, жиндаса гьел гъафуллъун ругел, гьел мунагьалъулъ кколел хIукмабиги баян гьаридал. Нилъеда бихьун лъалеб жо буго гьедин Къуръаналъул тафсиралде гIенеккарал гIемеразул къасд ккей жидеца гьеб рекIехъе лъазабизе, гьелъул гIелмаби цIализе ва гьеб цIогидазде лъазабизе.

- жеги ислам босичIел гIадамаз гьеб таржама цIалун, гьелдалъун гьезул рекIелъ иманалъул нур лъугьине. Хасго гьаб батIулаб жо гIемерлъараб, квешаб щинаб жоялъул хъудиялда нахъе ккун иман-исламалъул гьаракь загIиплъараб заманаялъ хIакъаб жо цIехолел гIадамазе квербакъилъун букIине.

-куфру-ширкалъул агьлуялъ исламалда ва бусурбабада сверухъ бижизабураб квешаб, хъубаб пикру жеги ислам босичIел гIадамазул рекIелъан нахъе инабизе сабаблъун букIине.

Гьел гьересиял, хъубал хабарал хирияв МухIаммад аварагасул хIакъалъ рицуна, Къуръан гьереси гьабун, гьеб Аллагьасул калам гьечIо абунги рицуна. Къуръаналъе таржама гьабулаянги абун гьез жидеего бокьараб жо гьениб жанибги ккезабула. Нилъеца мухIканаб хIалалъ Къуръаналъул мурадги баян гьабун, тафсир ва таржама гьабиялъул шартIалги цIунун, жиделъ ишкал-шаклъи кколел масъалабиги рицун таржама гьабун хирияб Къуръан гIадамазухъе щвезабидалго гьел гьересичагIаз гIуцIцIараб хIилла ва макро биххун уна, хIакъаб нух лъазе бокьаразул беразда канлъиги бихьула.

- тIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръан халкъалъухъе щвезабеян гьабураб амру нилъеца тIубараллъунги рукIине. Гьеб Къуръан халкъалъухъе щвезаби тIубаларо гьелъул лафс (рагIаби) ва магIна гьезухъе щвезабун гурони.

Къуръаналъул тафсиралъе таржама гьабураб мехалъ гьелъ щвей гьабула хирияб Къуръаналъул гIарабияб лафсалда ва гьелъул гIажам мацIалде бугеб магIнаялдаги. Имам СуютIияс, ИбнубатIалица, ИбнухIажарица ва цогиги гIемерал гIалимзабаз абуна:

ТIадеганав Аллагьасул вахIю гIадамазухъе щвезаби тIадаб жо буго. Гьеб щвезабиялъул кIиго къагIидаги буго: цо вахIю буго жиндир лафсги, назмуги, (рещтIараб хIал) магIнаги цIунун щвезабизе тIадаб. Гьеб буго хирияб Къуръан. Цогидаб буго жиндир магIна щвезаби гIолеб, лафс цIунун гьечIониги. Гьеб буго Къуръан гуреб жо: хIадисул къудси, аварагас бицараб хIадис ва цогидабги.

МухIаммад МустIафа Аль-марагьияс Къуръаналъул магIнабазе таржама гьабиялде хурхун бицараб хабаралъул ахиралда абуна:

Къуръаналъ жинда щвей гьабулеб магIна гIадамаздаса бахчине хIарамаб буго жидер гIелму дагьал гIадамазул пикраби хал гьарун ва гьез рижизарурал гIузраби цIунун. Гьаб таржамаялда жаниб жидер ният ва дин бацIцIадал муъминзабазе Аллагьасул диналъе гьабураб кIудияб хидмат (хъулухъ) батизе буго ва самаияб вахIю бичIчIиналъе ва лъаялъе квербакъиги щвезе буго.

ТIадехун бицараб жоялъул хIасил буго жиндир шурутIал тIуран, гIелмияб нух цIунун ва Аллагь разилъи тIалаб гьабун гьабураб Къуръаналъул тафсиралъе таржама гьаби лъикIаб гIамал букIин, ахираталда батулеб хазинаги букIин. Гьеб таржама гьабизе бегьуларин ва цIализе бегьуларин кIалъалел гIадамалги жидер гIелму гьечIел руго, яги шайтIаналъ гуккун, хIал хъублъун кIалъалел руго.

ТIадегIанав Аллагьас тавпикъ гьабеги лъикIаб гIамал гьабизе. Гьаб таржамаги жиб цIаларасе ва рагIарасе мунфагIат щолеблъун гьабеги. Амин.

ГIалимзаби жинда рекъараб рагIи буго Къуръаналъул рагIабазе таржама гьабун гьелъул Аллагьасе бокьараб магIна лъазе лъиданиги кIоларoян абураб. Щай абуни гIараб рагIабазул чанго батIияб магIна гьабизе бегьулеб хIал букIуна ва цо рагIиялъе цохIо магIнаги гьабун «гьаб бугин Къуръаналъул магIна»-ян аби хIарам буго.

Тафсир гьабиялъул магIна буго гIалимчияс жиндир гIелму ва гIакълу нахъ регIараб хIалалъ Аллагьасул каламалъе хъулухъги гьабун : «дир пикруялда рекъон гьаб мурад батизе бегьула гьаб

каламалъул»-ян аби. Гьедин гьабидалго гьелъ рес кьола цоги батIияб пикру бицун кIалъалесдаги гIенеккизе.

Къокъго абуни: таржама гьаби буго щибаб рагIиялъул мухIканаб магIна гьабун гьеб цоги мацIалде буссинаби. Тафсир гьаби буго цо мацIалде ругел рагIабазул букIине бегьулеб магIна-мурад баян гьаби. Гьаб кIиябго жо цоцада релълъараб гьечIо. Гьединлъидал Къуръаналъе тафсир гьабула гIараб мацIалдеги ва цогидал мацIаздеги, амма таржама гьабуларо.

Цоги жинда кантIизе кколеб жо буго: таржама гьабураб мехалъ гьеб таржамаялъ баян гьабизе ккола аслуялда бугеб рагIиялъул кинабго мурад. Хирияб Къуръаналъул мурад буго гьеб МухIаммад аварагасе мугIжизатлъун букIинги. Гьаб мурад кинха кIолеб таржама гьабун баян гьабизе!

Цоги жинда кантIизе кколеб жо буго: Къуръан цIалиялъул хассаб кири буго. Гьеб кири щоларо гIараб мацIалда бугеб хIалалъ хIурупазул махраж ва тажвидалъул хIукмуги цIунун гьеб цIалун гурони. Къуръаналъул тафсир цIали ва гьелъул пикру гьаби, гьелдалъун ТIадегIанав Аллагьасул каламалъул магIна ва мурад лъазаби ва гьелда гIамал гьаби – гьаб буго батIияб масъала ва гьалъул жиндирго кириги буго.

ГIалимзабаз абуна: Къуръаналъул тафсир ва гьелъул таржама хъвалеб мехалъ гьениб цадахъ хъван хирияб Къуръанги букIине ккола. Хадуб гьелъул къокъаб магIна хъвала, цинги щибаб бакIалда рекъараб баянги хъвала. ГIарабалъ Къуръаналъул аяталги хъвачIого гIицIцIаб тафсир хъвай хIарамаб буго. Гьеб буго Къуръаналда релълъараб жо гьабулев чиясул мисал.

Имам СуютIияс данде гьабураб «Ал иткъан фи гIулумил Къуръан»- абулеб тIехьалдаса росун хирияб Къуръан цIалиялъул дагьалго адабал рицина:

- Къуръан цIалулев чи какие чурун вукIине рекъараб буго: гьеб бугелъул азкаразул бищунго хирияб. БацIадаб бакIалда цIализе суннатаб буго, масжидалде жаниб цIали бищунго лъикI буго.

- къиблаялде вуссун гIодов чIезе, Аллагьасе хIелун, бетIер гIодоб тIамун чIезе рекъараб буго.

- кIал бацIад гьабизе сивак бахъизеги суннатаб буго.

-Къуръан цIализе бай бихьилелде щебе агIузу биллагьи… абизе суннатаб буго. Щибаб сурат цIализе щебе биссмиллагь… абизеги лъикIаб буго. Сураталъул гьоркьоб бакIалдаса цIализе бай бихьаниги бисмиллагь абизе лъикI буго.

- гIедегIичIого, пикру гьабун, хIурупазул хIакъ тIубан цIализе лъикI буго. Щибаб аяталъ бицунеб жоялъул пикру гьабун, рахIматалъул бицараб мехалъ роххел щун, гIазабалъул бицараб мехалъ ракI пашманлъун цIали буго кири гIемер щолеб.

Масала: гIедерги цIалун кIиго жуз цIаларасе щибаб хIарф рикIкIун щолеб кириги, пикру-тадбирги гьабун цо жуз цIаларасе щолеб кириги хал гьабураб мехалъ – кIиго жуз цIаларасул кири гIемераб буго, цо жуз цIаларасул кири къимат тIадегIанаб буго.

- Къуръаналда жанир ругел гIазаб бицарал ва хIинкъи кьей бугел аятал цIалараб мехалъ ракI пашманлъун гIодизе рекъараб буго: Аллагьасул гIазабалъул кутак хал гьабун, жиндир нафсалъул кIарччанлъи ва гIайибал хал гьабун.

- берцинаб гьаракьалъ цIализеги суннатаб буго. Цоги чиясе ташвиш-зарал гьечIони гьаракь борхун цIалиги мунфагIат бугеб буго: гьелъул асар цIикIараб букIуна, рагIарасеги мунфагIат гьабула, цIалулесул ракIги тирхула, макьу-гъафлатги тIасса уна.

- берцинаб гьаракьалъ мухIканаб хIалалъ Къуръан цIалулев чиги гьеб цIализе виччан гьесухъ гIенеккизе суннатаб буго. Цояз цIалун цогидал гIенеккун иргаялда цIалиги асар щолеб букIуна.

- ракIихъ цIалиялдаса Къуръаналда тIадги балагьун цIали кири гIемераб буго: Къуръаналда балагьиги гIибадат буго.

- суратазул ва аятазул тартибалда цIализе рекъараб буго. Цо сурат цIалун тIубан хадуб цогидаб цIализе бай бихьила. Аятги тIубан цIализе рекъараб буго.

- Къуръан кинабго заманалъ цIализе лъикI буго. Какилъ цIали, сардилъ тIаде вахъун цIали, рузман сордо-къоялъ цIали кири гIемераб буго.

- щибаб анкьго къоялда жаниб Къуръан цIалун тIубайги лъикI буго. Гьедин цIалулеб бугони рузман къоялъ бай бихьун хамис къоялъ тIубазабила. Къуръан тIубадалго дугIа гьаби суннатаб буго: гьеб буго жаваб гьабулеб гIуж. Жиндир агьлу-хъизан данделъун дугIа гьаби гIемерго лъикIаб буго.

- Цо Къуръан цIалун тIубарабго цогидаб бай бихьун тезеги суннатаб буго. Ибну гIаббасидаса бицараб хIадисалда буго: *Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас «къул агIузу бирабби ннаси» цIалун хадуб суратул фатихIаги бакъаратаалъул аввалги цIалулеб букIана. Цинги Къуръан цIалун тIубаялъул дугIаги гьабулеб букIана* – абун.

- «Ва ззухIа»- ялдаса бай бихьун щибаб сурат цIалун хадуб «Аллагьу акбар» абиги суннатаб буго.

- Къуръан цIалиялъул сужда гьабизе кколеб бакIалда суждаги гьабила. Гьеб сужда гьабула жинца цIаларас ва жинда цогидас цIалулеб рагIарасги.

- Къуръан цIалиги гьоркьоб къотIизабун гIадамаздехун кIалъай карагьатаб буго. Гьеб цIалулаго щиб бугониги гIададисеб жо гьабулев вукIинги рекъараб гьечIо.

- гIажамияб мацIалъ (таржама гьабун) Къуръан цIализе бегьуларо какилъ бугониги цогидаб бакIалда бугониги. Ай: как балев чияс гIараб мацIалда бугеб хIалалъ гурони Къуръан цIализе бегьуларо. Какилъ гьечIев чияс Къуръаналъул рагIиги абун хадуб гьелъул магIна бицун гурони Къуръаналъул магIна бицизе бегьуларо.

- Къуръан цIали магIишат тIалаб гьабиялъе сабаблъун кквезеги бегьуларо.

Цогиги гIемер суннатал ва адабал руго Къуръан цIалиялда ва гьелъул хIурмат гьабиялда хурхарал. ТIадегIанав Аллагьасул калам бугелъул гьеб жиндир къадро кIудияб тIехь буго. Щибаб жоялъул къадроялда релълъараб букIуна гьелъул адаб-хIурмат гьабиги.

ТIадегIанав Аллагьас тавфикъ гьабеги гьесул хирияб калам цIализе, гьелъул хIурмат гьабизе ва гьелда рекъон гIамалги гьабизе.

Амин.

## Къуръан цIалиялъул хиралъи бицунеб бакI

Жинда Аллагь разилъааяв Абуумаматидаса хIадис бицана:

*Дида Аллагьасул расулас абулеб рагIана: «Нужеца Къуръан цIале! Гьеб къиямасеб къоялъ жинца шапагIат гьабулеблъун бачIине буго, жиб цIалун, жиндир хIукмуялда гIамал гьабун хьвадарал гIадамазе»-абун.*

Аллагь разилъааяй ГIаишатидаса бицараб хIадисалда буго:

*Аллагьасул расулас абуна: «Жинца* лебалго (тажвидалда лъун гьаракь-макъам берцин гьабун) *Къуръан цIалулев чи хириял малаикзабигун цадахъ вукIунев чи вуго. Жиндие Къуръан цIализе захIматги букIун, гьеб лъазе гьабулев ва цIалулев чиясе кIиго нухалъ кири-ажру гьабула абун:*

Ай гьесул Къуръан лъазе гьабизе бугеб гъира-шавкъалъухъги, гьеб цIалулаго жинда бихьараб гIакъубаялъулги кири гьабула.

ХIадис Бухарияс ва Муслимица биуцана.

. Аллагь разилъааяв ИбнугIабасидаса хIадис бицана:

*Аллагьасул расулас абуна: «Жинда жаниб Къуръаналъул щибго жо гьечIев чи чIунтараб минаялда релълъун вуго»- абун.*

ХIадис Тирмизияс бицана.

Ай Къуръан рекIехъе лъазе гьаби ва гьелда гIамал гьаби цIакъ къадру бугеб иш буго. Гьеб Къуръаналда хурхичIев чи щибго жиндилъ лъикIлъи гьечIев чи вуго.

Жинда Аллагь разилъааяв Абумусадаса хIадис бицана:

*Аллагьасул свалат- салам лъеяв аварагас абуна:*

*«Нужеца гьаб Къуръан гIемер цIалун ракIалда лъикI чIезабизе яхI бахъе! Валлагьи, Къуръан ракIалдаса унеб(билулеб) буго, хIатIирухьен бан биччараб варани билулеб гIадин, яги гьелдасаги хехго»- абун.*

ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

ХIадисалдаса мурад буго Къуръан рекIехъе лъан хадуб кIочене теядаса цIуни ва гьеб щибаб заманалъ цIалун такрар гьабизе тIадаб букIинги.

Аллагь разилъааяв Абугьурайратидаса хIадис бицана:

Дида *Аллагьасул расулас абулеб рагIана:«ТIадегIанав Аллагь разилъула ва гIенеккула берцинаб гьаракь-макъаналда цIалулеб Къуръаналда»-абун.*

ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

Барраъ бину ГIазибидаса хIадис бицана:

*Дида авараг рагIана жинца богол как балаго «ваттини ва ззайтуни» – абураб сурат цIалулев ва гьедин берцинаб цIали дида кидаго рагIичIо»-абун.*

ХIадис Бухарияс ва Муслимица бицана.

Къуръаналъул цо-цо суратазул ва аятазул хиралъи бицарал хIадисал гIемер руго. Гьезул киналго сахIихIал (битIарал) гьечIелъул, дица цо чанго сахIихIаб хIадис бицун тела:

Жинда Аллагъ разилъаяв ИбнугIаббасидаса хIадис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг Жабраил малаикасда аскIов гIодов чIун вугеб мехалъ гьесда зобалаздаса цо гьаракь ргIана. Жабраил зодихъехун валагьана ва гьес абуна: «Жакъа гурони ргьичIеб зобалазул каву ргьана»- абун. Цинги гьенисан гIодов цо малаик рештIана. Жабраилас абуна: «Жакъа гурони рештIичIев малаик рештIана зодисан»- абун.*

Гьев малаик аварагасда аскIов вачIана, гьесие саламги кьун жинца абуна: «дуе рохел буго МухIаммад, Аллагьас дуе кьураб кIиго хиралъиялдалъун. Дуе гурони гьеб лъиего кьунги букIинчIо. Гьеб буго суратул фатихIа ва суратул бакъараталъул ахираб кIиго аятги. Гьезул щибаб хIарф цIалуншинахъе дуе сайгъат кьола» - абун.

Жинда Аллагъ разилъаяв ИбнумасгIудидаса хIадис бицана: *Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: «Щив чияс сардилъ суратул бакъараталъул ахираб кIиго аят цIаланиги гьесие гьелъ гIейи гьабизе буго» – абун.* Ай гьесда гьеб сородоялъ зарал хъатIизе гьечIо.

Муслимица хIадис бицана: Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас абуна: *«Нужеца рукъзал хобалазде сверизаруге* (ай рукъоб Къуръан цIале). *Суратул бакъарат цIалулеб рукъосан шайтIан лъутун уна»-абун.*

Абу умаматидаса хIадис бицана: Аллагьасул свалт салам лъеяв аварагас абуна: *«Щибаб паризаяб какда хадуб Аятул курсий* ( Аллагьу лаилагьа илла гьува…) *цIаларав чи алжаналдаса рикIкIад гьавун гьечIо хвелалъ гурони»-абун.* Ай гьев чи хун хадув алжаналде лъугьуна.

Жинда Аллагъ разилъаяв Абугьурайратица хIадис бицана*: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас дун тун вукIана Рамазан моцIалъ закат бахъун бачIараб тIоршел цIунизе. Цо нухалъ гьеб тIоршел бикъизеян вачIарав чи дица ккуна ва гьесда абуна дица мун аварагасухъе вачине вугоян абун.* (Лъабго сордоялъ тIатIалаго вачIана гьев тIоршел бикъизеянги абуна цо биценалда). *Гьев чияс абуна: «Дуца дун аварагасухъе вачичIого тани дица дуда цо лъикIаб жо лъазабила, Аллагьас дуе гIемераб кири хъвалеб. Мун кьижизеян бусаде вегараб мехалъ дуца Аятул курсий цIале. Гьедин цIалараб мехалъ Аллагьас рогьинегIан мун цIунулев чи тола ва шайтIаналда кIоларо дуе щибго зарал гьабизе»- абун.*

*Дица гьаб хабар Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагасда бицидалго гьес абуна: «Гьелъ битIараб бицун буго кигIанго кIудияб гьерсихъан гьеб бугониги. Гьеб жо шайтIан буго»- абун.*

Жинда Аллагъ разилъаяв Муслимица бицараб хIадисалда буго: *«Нужеца цIале кIиго нур бугеб сурат Ал Бакъарат ва Ал ГIимран. Гьеб кIиябго къиямасеб къоялъ жиб цIаларасе кумекалъе бачIуна»-* абун.

Жинда Аллагъ разилъаяв Абусаид Худриясдаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Рузман къоялъ суратул кагьфи цIаларав чиясе нур гвангъун букIине буго тIасияб рузман къоялде щвезегIан»-* абун.

Жинда Аллагъ разилъаяв Ину Г!умаридаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Рузман къоялъ суратул кагьфи цIаларав чиясе гьесул хIатIазда гъокьан зобалазде щвезегIан нур букIине буго къиямасеб къо чIезегIан ва гьесул кIиябго рузман къоялда гьоркьор гьарурал мунагьалги чурула»-* абун.

Жинда Аллагъ разилъаяв Абу дардаица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Сурату кагьфалъул авалаб анцIго аят рекIехъе лъазабурав чи дажалил фитнаялдаса цIунаравлъун вукIине вуго»-* абун.

ХIакимица бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна:

*«дица нужеда бицилищ цо чиясда кинаб бугониги къварилъи щвараб мехалъ гьес жиб цIалани гьесдаса къварилъи тIасса унеб дугIа? Гьеб буго Юнус аварагасул дугIа: Лаилагьа илла анта СубхIанака инни кунту мина ззалимина* – абураб.

Жинда Аллагъ разилъаяв имам АхIмадица бицараб хIадисалда буго: *«Дир шейхаз (мугIаллимаз) дида бица жал рукIанин Фузайл бин ХIарисида аскIор гьев хвалил унтиялъ унтун вугеб мехалъ. Фузайлица гьикъана нужер цонигиясда Ясин цIализе лъалищан абун. Цинги СалихI бин ШурайхI Ясин цIализе лъугьана ва гьес кIикъоабилеб аят цIалилелде Фузайлил рухIги босана. Гьединго дир шейхаз бицулаан хвалил унти чIварасда аскIоб Ясин цIалани гьесул рухI бахъи бигьалъулин абун».*

Асламица ГIумар асхIабидаса бицараб хIадисалъулъ буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Къасси дида рещтIинабуна кинабго дунялалдаса дие жиб хирияб сурат. Гьеб буго «Инна фатахIналака фатхIан мубинан»-* абун. Суратул фатхIи.

Жинда Аллагъ разилъаяв Абугьурайратиса бицараб хIадисалда буго: Дида Бичасул расул жинца абулев ргIана: *«Къуръаналда жаниб буго лъеберго аят бугеб сурат, жиб цIаларасе гьеб кумекалъе бачIунеб гьесул киналго мунагьал чуризегIан»*- абун. Гьеб буго Суратул мулки.

Жинда Аллагъ разилъаяв Анас бин Маликидаса бицараб хIадисалда буго: Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *«Дуца Къул я аюгьал кафируна цIале мун къижизе лъугьунеб мехалъ. Гьеб буго ширкалдаса мун рикIкIалъи»*- абун.

Жинда Аллагъ разилъаяв АбусагIид Худриясдаса бицараб хIадисалда буго: *Цо нухалъ Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас жиндир асхIабзабада гьикъана: «Сардилъ Къуръаналъул лъабил бутIа цIализе кIолев щив вугев нуженасса»-ян абун. АсхIабзабазе гьеб захIматаб ишлъун бихьана ва гьез абуна: «Лъидаха гьеб кIолеб я расулуллагь»- абун. Аварагас абуна: «Къул гьува ллагьу ахIад»- буго Къуръаналъул лъабил бутIа»* -абун.

Жинда Аллагъ разилъаяй ГIаишатидаса хIадис бицана:

*Аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас кьижилелде ццебе жиндир кIиябго хъат кIалалда ццебе ккун гьениб жаниб къул гьуваллагьу ахIад, къул агIузу бираббил фалакъ ва къул агIузу бирабби ннаси цIалулеб букIана, цинги кIиябго квер гьумералда, бетIералда ва черхалъул ццебесеб ва нахъияб рахъалда лъабго нухалъ бахъулеб (лъулъалеб) букIана»*- абун. Гьедин гьабурав чи Аллагьас кинабго квешлъиялдаса цIунизе вуго ва гьесда аскIоб шайтIанги къазе гьечIо гьев радал тIаде вахъинегIан.

Жинда Аллагъ разилъаяй ГIаишатидаса бицараб цоги хIадисалда буго: *Аллагьасул свалат салам лъеяв авараг унтараб мехалъ гьес жиндирго кверазда жаниб кIиябго Къул агIузу цIалулеб букIана ва гьел кверал черхалда рахъулел рукIана. Гьев захIматго унтун вугеб мехалъ дица цIалана гьеб кIиябго сурат гьесул кверазда жаниб ва гьел кверал гьесул черхалде рахъана»*- абун.

Гьал тIадехун рехсарал Къуръаналъул хиралъи бицарал хIадисал дагьалго жал руго ва кинабго Къуръан жиндир хиралъи ва баракат гIемераб буго. Гьеб Къуръанги жиб цIалун, жиндир мурад бичIчIун, жиндир хIукмуялда нахърилъун гIадамал хьвадизе гIоло рещтIинабураб буго.

Гьаб хирияб Къуръанги жинда рещтIинабун Аллагъ цо гьавун гIицIцIго цохIо гьесие лагълъи гьабиялда халкъ ахIизе витIана хирияв МухIаммад авараг. Ахираталда щивав инсанасе жинца гьабураб гIамалалда рекъараб жазаъги букIине буго. Дунялалъул рокъов вукIадго ТIадегIанав Аллагьасе гIибадат гьабиялдаса гъафулги вукIун ахираталда щведалго лъида бугониги божун ва хьул лъун вукIиналъ инсан хвасар гьавуларо.

Гьаб масъала бичIчIине тIадаб буго щивав чиясда ва гьес яхI бахъине ккола жив чIаго вукIадго ТIадегIанав Аллагьасги, гьесул хирияв расуласги малълъухъин хьвадизе ва абадияб рокъоб жив гIазабалдаса хвасарлъулеб гIамал гьабизе. ГIадамаз ургъун рахъарал нухалги жалго тун Аллагьасул расулас бихьизабураб нухдаса хьвадизе.

ТIадегIанав Аллагьас нилълъеда хIакъаб жо хIакъаблъун бихьинабеги ва гьелда нахъ рилълъине тавпикъги гьабеги. БатIулаб, бидгIаяб жоялдаса Аллагьас нилълъ рикIкIадги гьареги. Амин.

Ахиралда кинабго рещц ва щукру ТIадеганав Аллагьасе буго жинца нилълъ иман-исламалъул нухалде тIоритIарав. Гьесда гьарулебги буго гьеб битIараб нухдасан нилълъ къосине тогеян абун. Жив кIодо гьавураб свалат-салам хирияв аварагасда лъеги, хадуб гьесул агьлуялда ва асхIабзабада лъеги, гьесул суннат цIунун хьвадарал киналго муъминзабадаги лъеги.

Амин

## Асмауллагьи Аль - хIусна жал берцинал Аллагьасул цIарал

ТIадегIанав Аллагьас (عز وجل) хирияб Къуръаналда жаниб абуна: **Аллагьасе руго бищунго берцинал цIарал. Нужеца Аллагьасда гьаре гьел цIарал гьоркьор ккун.**

Сура Аль-агIраф, I80 аят.

Цоги Аллагьас абуна: **Аллагъ (عز وجل) жив цогояв, цоги жинда релъарав гьечIев вуго. Аллагьасул бищунго берцинал цIаралги руго**. Сура ТIа-гьа, 8 аят.

Жинда аллагьасул свалат салам лъеяв аварагас абуна: *ХIакълъунго Аллагьасе 99 ункъоялда анцIила ичIго цIар буго, нусго цIар гIезе цо цIар камурал. Гьел* цIарал лъзарурав чи алжаналда лъугьуна – абун.

Гьел цIарал лъазариялъул хIасил буго гьел магIнагун цадахъ рикIине лъай ва гьезул магIнаялда рекъон Аллагьасе гIибадат гьаби.

Дагьабго шархIги гьабун дица гьел цIаразул магIна магIарул мацIалда хъвалеб буго: бусурбабаз гьел цIалун, гьезул пикру гьабун Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабиялда хьул лъун.

Гьаб кинабго гIалам, мухлукъ жинца бижарав, жиндие лагълъи гьабизе тIадав БетIергьан цохIо **Аллагь** (عز وجل) гурони гьечIо.

**I). Аллагь:** абураб цIар буго жинца ТIадегIанав Аллагьасул заталда (черхалда) тIоритIел гьабулеб, гьесул ТIадегIанлъиялда, гьев вукIин хIакъаб букIиналда тIоритIел гьабулеб цIар. Гьаб цIар лъураб заталъул сипатал гIадин руго хадусел киналго цIарал. Гьаб цохIо Аллагьасда (عز وجل) гурони лъечIеб ва лъоларе цIарги буго.

**2). А-ррахIману**: дунялалъул рукъов жиндие мутIигIасеги жиндие гIасилъарасеги лъикIлъи ва гурхIел гьабулев, гьезие нигIматал кьолев. Цоги магIна гьабуна: жинца дунял-ахираталъул кIудиял нигIматал кьолев: иман - ислам гIадаб, гIокъло-лъай гIадаб, алжан гIадаб. Гьаб цIарги Аллагьасда хасаб цIар буго, цоги щивго чиясда жиб абулареб.

**3). А-ррахIиму**: ахираталда жиндие мутIигIал гIадамазе лъикIлъи гьабулев ва гьезда цIикIкIун гурхIулев. Цоги магIна гьабуна: дунялалда гIисинал, дагьал нигIматал кьолев абун.

Цоги гIалимас абуна: А-ррахIиму абураб цIаралъул магIна гъваридаб буго А-ррахIману абураб цIаралдасанги абун. Гьеб А-ррахIимуялъул магIна бугелъул дунялалдаги ахираталдаги муъминзабада жив гурхIулев, гьезие нигIматал кьолев абураб. ХIакъикъаталдаги цIакъ кIудияб лъикIлъи ва рахIмат буго Аллагьас (عز وجل) муъминзабазе гьабураб жинца гьел имаисламалда тIоритIидал, гьелда хьвадизеги гьаридал. Ахираталда жидее нигIматазул алжаналги хIадурун ругелъул ва кинабго нигIмат тIубазабун жиндир гьумералда ралагьи гьезие ризкъилъун гьабулевги вугелъул.

Гьаб кIиябго Аллагьасул цIар гурхIел - рахIмоялда хурхараб бугелъул, гьеб цIар лъурал гIадамалги Аллагьасул халкъалда гурхIел-рахIмо бугел рукIуна, жидеда лъураб цIаралъул асар гьезие щун бугони. Аллагьасда иман лъеялда, тавбо гьабиялда халкъ ахIулел, гьезул хIажат тIубаялъе жидеца яхI бахъулел рукIуна.

**4). Аль-Малику**: кинабго гIаламалъул жиндие шарик (гIахьалчи) гьечIев ханлъун жив вугев, къиямасеб къоялъул БетIергьанлъунги жив вугев, кинабго жо жинда хIажатав, жиндие бокьаразе бокьараб жо кьолев, жиндие бокьараб хIукму-къадарги гьабулев.

Аллагьасул гьаб цIаралъул магIна бичIчIарав ва гьелъул хIакъикъат лъарав чи жиндир чорхолъ чIухIи гьечIев, жиндир напсалъе бокьараб жо гьабуларев вукIуна. Жиндир берги, гIинги, мацIги, киналго лугбиги Аллагь (عز وجل) разилъи тIалаб гьабун хьвадизарулев, гьесул щим бахъиялдаса хIинкъулев вукIуна.

**5). Аль-Къуддус**: кинабгIаги гIайиб ва мукъсанлъиялдасан жив вацIадав. Инсанасулазда жиндир тIабигIат гIамал релълъинебизе бегьуларев. Гьаб цIаралъул магIна хал гьабурав ва гьеб бичIчIарав муъминчи киналго чорокал, къабихIал гIамалаздаса вацIцIалъи тIалаб гьабулев вукIуна.

**6). А-Ссаламу**: кинабгIаги къварилъи, гIакъуба, рекIел бакъвай жинда щоларев, жинца мухлукъаталъе сахлъи, рекъел ва талихI кьолев. Аллагьасул (عز وجل) гьаб цIаралъул хIакъикъат хал гьабурав чиясги жиндир тIабигIат гьаб цIарада боцизе яхI бахъула.

**7). Аль-Муъмину**: жинца муъминзаби цIаялдаса цIунулев, лагъзадерие гьабураб къотIи тIубазабулев, гьеб къотIиялъулъ жив ритIухъав, хIинкъи - къварилъиялдаса муъминзаби рикIкIад гьарулев. Кинабго махлукъат жиндир божилъиялда ва цIуниялда гъокь бугев, гьезие хIажатаб жояльe жив гъокь чIарав.

**8). Аль-Мугьайминy**: жинца лагъзадерил гIамалазул хъаравуллъи гьабулев, жиндир лъаялдаса ва бихьи-рагIиялдаса щибго жо борчIун кколарев. Жиндир махлукъаталда тIад тIубараб ва гучаб къудрат бугев. Гьаб цIаралъул магIна хал гьабурав муъминчиясда Аллагьасда (عز وجل) гIасилъизе кIоларо, гьесие хIеларав ва мутIигIав вукIуна.

**9). Аль-ГIазизу:** жиндир къуват гуч бергьарав, жиндаса щивго чи бергьунарев.

**I0). Аль-Жаббару**: жиндие бокьараб жо бокьухъин гьабизе хIал кIолев ва махлукъаталда тIад жиндир амро-нагью билъанхъизабулев. Жинца кинабго жо квегъарав, жинда данде вахъарав залим гьалаг гьавулев. Цоги магIна гьабуна: жинца муъминзабазул ракIазе дару гьабулев, гьел сах гьарулев абун.

**II). Аль-Мутакаббиру**: жиндир сипатал ва пиша кинабго махлукъаталъул пишабаздаса тIадегIанав, кинабго чIухIи-рецц жиндие хIакъав.

Гьаб кIиябго Аллагьасул цIар ва сипат буго Аллагьасе ругел, гьесие рукIине рекъарал. Амма гьал сипатал лагъасул рукIине бегьуларо ва гьел сипатал жиндилъ ругев Аллагьасул (عز وجل) лагъ жинда гьесул ццим бахъараздаса вукIуна. Гьаб кIиябго сипаталъул бакIалда муъминчиясулъ букIине ккола хIеренлъи, хIалимлъи, мутIигIлъи, чухIи рецц гьечIолъи. Гьаб киналго тамахал сипатал муъминзабаца хIалтIизаризе ккола жидеда гьоркьор. Ва амма Аллагьасулги жидерги тушманасда данде гьесулалдаса цIикIкIараб къвакIиги, бахIарчилъиги, гьунар-къуватги бихьизабизе ккола.

**I2). Аль-Халикъу**: жинца жо бижулев, щибго мисал сурат гьечIого зобал-ракьал ва кинабго махлукъат бижарав, гьеб махлукъаталъул маслахIат лъан, гьелъул тадбир гьабун, кинабго махлукъаталъе хIажатаб жоги жинца бижунев.

**I3). Аль-Бариу:** жиндие бокьараб жо бижизабизе ва батизабизе кIолев, гьеб ишалъе щибго жоялда хIажалъуларев: мисал-сурат къваригIунарев, алат хIалтIизабуларев.

**I4). Аль-Мусаввиру**: щибаб жоялъул сипат-сурат бижулев. Гьаб махлукъаталъул щибаб жо цояб цоялда релълъараб гьечIого бижарав: щибаб жо батIа гьабизе лъазе ва щибалда хасаб хIукму-хIалги букIине. Гьаб лъабго Аллагьасул цIаралъул пикрул гьабурав муъминчи цIохIо Аллагьасе гурони хIелуларо ва гьесие гурони гIибадатги гьабуларо: кинабго жо жинца бижулев, батизабулев, гьелъул сипат - сурат гьабулев БетIергьанасе гьабичIого, гIибадат цоги щибниги жоялъе гьабизе бегьилишха?

**I5). Аль-Гъаффару**: жинца мунагьал рахчулев, жив тIасса лъугьулев. Жинда иман лъурав ва жиндие гIибадат гIицIцI гьабурал муъминзабазул квешлъиги лъикIлъиялда сверизабулев. Муъминчиясул чорхолъ букIине тIадаб сипат буго гьаб.

**I6). Аль-Къагьгьару**: жиндир хIалкIолъи кинабго жоялда тIад бугев ва кинабго жо жиндие квегъун чIчIезабулев. Жиндие бокьраб жо гьабизе махлъукъ тIамулев ва кинабго жо жиндие мутIигIлъун, хIелун букIунев.

**I7). Аль-Вагьабу**: жинца чIорого, гIорхъи ва рикIкIен гьечIого гIемерал нигIматал кьолев. Жинда гьаричIого кьолев, кьураб нигIматалда данде щибго жо тIалаб гьабичIого кьолев.

Гьаб сипатги муъминчиясе цIакъ рекъараб сипат буго. КигIан гIемер садахъа хайрат нилъеца кьуниги нилъер ризкъи дагьлъуларо; гьеб гIемерлъула ва гьелда баракатги букIуна.

**I8). А-Рраззакъу:** жинца кинабниги рухI бугеб жоялъе ризкъи кьолев. Гьеб ризкъи жинца бижарав ва хIажалъи бихьун щибаб заманаялъ гьеб жидер бетIергьабазухъе щвезабулев.

**I9). Аль-ФаттахIу**: жинца кинабго захIматаб жо бигьа гьабулев. Жинца лагъзадерида гьоркьоб хIукму гьабулев. Жинца гIелму ва гIакъло рагьулев, мискин пакъирасе ризкъиялъул рагьо рагьулев. Жинца муъминзабазул ракIал Аллагь лъаялъе рагьулев ва гьезда жанибе иманалъул нур лъугьинабулев.

**20). Аль-ГIалиму:** жинда кинабго жо лъалев. Жиндир лъай кинабго жоялда гIамлъарав. Жинда балъагоябги загьирабги лъалев, рекIел хивалалги лъалев. Жиндир гIелму-лъаялдаса гьаб кIудияб махлукъаталъул цохIо зарра гIадаб жоги болъго хутIуларев. Инсанасе Аллагьас (عز وجل) кьураб гIелму цIакъго дагьаб жо гурони гьечIо. Гьеб гIелму жиндие кьурав чияс даимго Аллагьасе рецц гьабизе тIадаб буго ва гьеб цогидазда лъазабизеги тIадаб буго, кинабгIаги чIухIи-рецц рекIелъ биччачIого хьвадизеги тIадаб буго.

**2I). Аль-Къабизу:** жинца ажал лъугьарал гIадамазул рухIал росулев ва жиндие бокьарав чиясе ризкъиги дагь гьабулев. Муъминчиясул ракI жиндир гIазабалдаса хIинкъун данде къазабулев.

**22). Аль-БаситIу:** жинца гIумру халат гьабулев ва ризкъиги гIатIид гьабулев.

Гьаб кIиябго сипат кидаго муъминчияс хал гьабизе ккола ва даимго жив Аллагьасдаса (عز وجل) хIинкъиялда ва гьесда хьул лъеялда гьоркьов вукIине ккола.

**23). Аль-Хафизу:** жинца купру-ширкалъул гIадамал гIодорегIан гьарулев ва инжит гьарулев.

**24). А-РрафигIу**: жинца муъминзаби тIадегIан гьарулев ва гьезул къадро-даража борхизабулев. Жинца зобалги тIаде рорхарав.

**25). Аль-МугIиззу**: жиндие бокьарав чиясул къуватги къадроги кIодо гьабулев, гьесие бергьенлъиги кьолев. Муъминзабазул къадро кIодо гьабулев.

**26). Аль - Музиллу**: жиндие бокьарав чи загIип гьавун гIодовегIан гьавулев ва дандиясдаса къезе гьавулев. Капурзаби гIодоргIан гьарулев.

**27). А-ССамигIу:** жинда кинабго рагIизе рес бугеб жо рагIулев, гьеб рагIулеб алат (гIин) гьечIого, ракIалъ гьабулеб хиялги рагIулев, шурун бицулебги рагIулев.

**28). Аль-Басиру**: жинда кинабго бихьизе рес бугеб жо бихьулев, гьеб бихьулеб алатги (бер) гьечIого. РекIел балъголъабиги рихьулев.

**29). Аль-ХIакаму:** жинца халкъалда гьоркьоб хIукму гьабулев, хIакъабги батIулабги жо батIа гьабулев. Ахираталда кинабго хIукму жинца тIубазе гьабулев. Жив цогояв хIакимлъун вугев ва жиндир хIукму лъицаго хисизабуларев.

Аллагьасул (عز وجل) гьаб сипат лъарав лагъ тIобанго гьесул хIукму къадаралъе мутIигIав вукIуна, жинца Аллагь гуресул хIукму къабул гьабуларо ва тIад ругел ханзабазул ургъун рахъарал хIукмабиги ритIухъ гьаруларо.

**30). Аль-ГIадилу**: жиндир кинабго хIукму-къадаралъулъ жив ритIухъав цониги махлъукъаталъе зарал бугеб хIукму гьабуларев. Жиндир лагъзадерица хиянат ва зарар гьаби жинца хIарам гьабурав. Щибаб жоялъул хIакъ тIубазабулев ва гьелъул маслахIат жинца цIунулев.

**3I). А-ЛлатIифу:** жиндир лагъзадерида цIакъ гурхIулев, гьезул хIажатал тIуралев, гьезие лъикIлъи гьабулев ва цIоб-рахIмо гьабулев. Гьаб кIиго сипатги муъминзабазул рукIине рекъарал сипатал руго.

**32). Аль-Хабиру:** жинда балъгоябги загьирабги жо лъалев, ццебеккун букIарабги нахъа букIинесебги жо лъалев, жинда умуразул бищунго тIеренал, гъваридал хIалалги лъалев.

**33). Аль-ХIалиму**: жив хIалимав жиндир гурхIел рахIмо гIемерав. Жинда гIассилъарасеги гIазаб гьабичIого толев, гьев тавбо гьабун вуссине бокьун. Жинда гIасилъаразул зулмуялда сабро гьабулев. ГIасилъаразеги мутIигIазеги ризкъи кьолев. Муъминчиясдаги цIакъ рекъола гьаб хIалимлъиги, хIеренлъиги.

**34). Аль-ГIазиму**: жиндир къадро кIудияв, жиндир къадро кIодолъиялъе гIорхъи гьечIев ва гьелъие авал-ахир гьечIев.

**35). Аль-Гъафуру**: жив тIаса лъугьулев ва жинца лагъзадерил мунагьал чурулев ва гьезул гъалатIлъи-гъапуллъи бахчун толев.

**36). Аь-Шшакуру**: жиндир лагъзадерил дагьабго лъакIаб гIамалалда данде гIемер ажро кири гьабулев, гьезул гIамалазул гъалатIлъи, хатIалъи бахчун, камилаб гIамаллъун гьеб къабул гьабулев

Муъминчиясдаги тIадаб буго тIадеIанав Аллагьасул (عز وجل) гIемерал ва кIудиял нигIматал лъан, гьезда данде даимго щукру гьабизе. Бищунго кIудияб шукру буго гьел нигIматал Аллагь разилъи тIалаб гьабун хьвадиялда сверизари, гьесул ццим бахъулеб гIамал гьабиялдаса рикIкIалъи. Жиндие лъикIлъи гьабурасул лъикIлъиялда данде щукру гьабизеги тIадаб буго: гьеб шукру гьаби букIула дуцаги досие лъикIлъи гьаби.

**37). Аль-ГIаллию**: жив ТIадегIанав киналго сипатазулъ ва макъамазулъ: гьесул макъамалда щибго жо гIагарлъуларо ва гьесие гIахьалчи гьечIо. Гьудул-гьалмагъ гьечIо, жив щибго жоялда хIажатав гьечIо ва кинабго махлукъат гьесда хIажатаб буго.

**38). Аль-Кабиру:** жив кIудияв, жиндир гIамал пишаги кIудияв, жинда релълъараб щибго жо гьечIев, жиндир хиралъи ва къадро кIудияв.

**39). Аль-ХIафизу**: жиндир махлукъат цIунулев, жиндир хъаравуллъиялдаса ва цIуниялдаса цохIо зарра гIадаб жоги гъоркь хутIуларев. Жинца муъминзаби дунял-ахираталъул балагьаздаса цIунулев.

**40). Аль-Мукъиту**: жиндир махлукъаталъул ризкъи хIажатаб шинаб жоялъухъе гьелъул ризкъи щвезабулев. Жиндир гуч бергьарав, жиндир квербакъиги кутакав.

**4I). Аль-ХIасибу**: жинца дунялалъул рукъоб жиндир лагъзадерие хIажатаб жо чIчIезабулев, гьезие ва цогидаб махлукъаталъе жинца гIей гьабулев, гьездаса заралги нахъчIвалев. Ахираталда кинабго халкъалъ жиндир хIисаб-мизаналъе жаваб кьолев.

**42). Аль-Жалилу**: жиндир къадро кIудияв, жиндие мукъсанлъи бачIунел сипатаздаса вацIцIадав.

**43). Аль-Кариму:** жив сахаватав, жинца нигIматал хIисаб гьечIого кьолев ва кигIан гIемер кьуниги жиндир нигIматал дагьлъуларев. Кинабго хиралъи ва рецц жиндие мустахIикъав. Жиндихъе кIанцIарав нахъчIваларев, жинда хьул лъурав чIового хутIуларев. Аллагьсул (عز وجل) сахавалъи буго нилълъ иман исламалда тIоритIи, нилъеда хирияв авараг витIун ва хирияб Къуръан рештIинабун жив цо гьавулел ва жиндие гIибадат гьабулеллъун нилълъ гьари.

**44). А-Рракъибу**: жинца лагъзадерил хIалазул хъаравуллъи гьабулев. ГIадамазул, жундузул малаиказул цохIо зарра гIадаб жо жинда балъго хутIуларев.

**45). Аль-Мужибу**: жинца муъминбазул дугIаялъе жаваб гьабулев жинда гурони гьаризе бегьуларев. Жинда гьареян абун амру гьабурав, жинда гьарарасе жабаб кьезеги къотIи гьабурав.

**46). Аль-ВасигIу**: жиндир нигIматал гIемерав, жиндир гурхIел гIаммав, жиндир гIелму лъай кинабго жоялда щварав ва гьелда сверун лъугьарав.

**47). Аль-ХIакиму**: жинца хIукму битIун гьабулев, жиндир гIелму камилав. Кинабго жоялъул хIукму-хIал жинда лъалев ва кинабго жоялъул маслахIат лъан, гьелда рекъараб къадар гьабулев.

**48). Аль-Вадуду**: жиндие муъминал лагъзал рокьулев ва гьел муъминзабазул ракIазулъ жив вокьи лъугьинабулев.

**49). Аль-Мажиду:** жиндир сахавалъиялъулъ тIокIлъарав, жиндир нигIматал гIемерав, лъикIлъи даимав.

**50). Аль-БагIису:** жинца халкъалда аварагзаби ритIулев гьел хIакъаб диналде ахIизе. Муъминзабазе квербакъиялъе малаикзаби ритIулев. Жинца къиямасеб къоялъ халкъ тIад бахъинабулев: хIисаб-мизан гьабизе ва жаза гьабизе.

**5I). А-Шшагьиду**: кинабго жо жинда лъалев, гьелда валагьун вугев, гьелъул нугIлъун жив вугев.

**52). Аль-ХIакъкъу**: жив вати хIакъав, жиндие авал-ахир гьечIев, жиндие гIибадат гьабизе хIакъав ва жиндие рокьарал, жив вокьарал муъминзабазе жинца квербакъи гьабулев.

**53). Аль-Вакилу**: жинда мугъ чIвалев, жинда умурал (ишал) тIамун толев, жинда божарав ва таваккал тIамурав гIадада холарев.

**54). Аль-Къавию**: кинабго къуват жиндие бугев, жив кинабго жоялдаса бергьунев, ва жиндир къуват кинабго къуваталда тIад бугев.

**55). Аль-Матину**: жиндир гуч къвакIарав, жиндие бокьараб жо батизабизе хIал кIолев, жив щибго жоялда хIажалъуларев.

**56). Аль-Валию**: жинца лагъзадерил тадбирал гьарулев, гьезул умурал жинца тIубалев, муъминзабазе квербакьулев ва гьезул тушбаби къезарулев.

**57). Аль-ХIамиду**: жив вещцарав, кинабго рещцалъул бетIергьанлъун жив вугев, ва кинабго махлукъаталъ кинабго хIалалъ жиндие рещц гьабулев.

**58). Аль-МухIси**: кинабго жоялда жиндир гIелму сверун лъугьарав, жиндир гIелмуялдаса щибго жо гъоркь хутIуларев.

**59). Аль-Мубдиу:** жинца жо бижи бай бихьулев: щибго мисал-сурат гьечIого.

**60). Ал-МугIиду**: жинца чIагоял хвезе гьарулев. Цинги хварал тIад рахъинарун цIидаса чIаго гьарулев.

**6I). Аль-МухIйи:** жинца жо чIаго гьабулев, жинца чIаголъи бижулев. Хун хадуб гIадамал чIаго гьарун тIад рахъинарулев.

**62). Аль-Мумиту**: жинца кинабго рухI бугеб жо хвезабулев, жиндие бокьараб мехалъ ва жиндие бокьараб хIалалъ.

**63). Аль-ХIаю:** жив чIагояв жиндир гIелму лъаялдалъун къуват-къудраталдалъун. Жиндир чIаголъиялъе авал-ахир гьечIев, азалияб чIаголъи жиндие бугев.

**64). Аль-Къаюму**: жив жиндаго чIчIарав, жив лъицаго ватизавичIев, жинца кинабго жо батизабулев. Жиндир махлукъаталъул тадбир гьабиялда жив чIчIарав.

**65). Аль-Важиду**: жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндие бокьараб жо бокьараб хIалалъ ва бокьараб гIужалъ батулев. Жив щибго жоялъ гIажиз гьавуларев.

**66). Аль-Мажиду**: жиндир сахавалъи ва лъикIал тIабигIатал камилав, жинца гIатIидго нигIматал кьолев, жиндир къадро ва тIадегIанлъи гIорхъи гьечIого гIатIидав.

**67). Аль-ВахIидул-АхIаду**: жив цогояв, жиндир заталъулъ ва сипатазулъ щибго жоялъ гIахьаллъи гьабуларев, жиндир ханлъи ва БетIергьанлъи камилав, жиндир пишабазулъ жив цогояв, жиндие цониги рахъалъан гIахьалчи гьечIев.

**68). А- Ссамаду**: жиндие кинабго жо мутIигIав ва кинабго жо жинда хIажатав, жиндир амру гьечIеб жо лъагьунарев, лагъзадерица жидер диналъулъ ва дунялалъулъ жинда къасд гьабулев.

**69). Аль-Къадиру**: жиндир къуват гуч бергьарав, кинабго жоялда жиндир хIал кIолев. ГьечIеб бакIалдаса жо бижулев ва кинабго жо гьалаг гьабизе жиндир къуват бугев.

**70). Аль-Мукътадиру**: жиндир хIалкIолъи камилав, лагъзадерил амру ва тадбир тIубазе ва гьезул маслахIатал цIунизе жиндир хIал кIолев.

**7I). Аль-Мукъадиму**: жинца ццебе гьабизе мустахIикъаб жо ццебе гьабулев. Аварагзаби кинабго халкъалдаса ццере гьарулев, муъминзбаи иман исламалдалъун ццере гьарулев.

**72). Аль-Муахиру**: нахъе бахъизе, нахъехун тезе рекъараб жо жинца нахъехун толев. Капурал, мушрикал, зулмуял ва къабихIал гIадамал жинца нахъегIан къазарулев ва гьел жиндир рахIматаздаса рикIкIад гьарулев.

**73). Аль-Аввалу** жив тIоцевесев, жиндир ватиялъе авал гьечIого жив ццевего вукIарав; махлукъат бижилалде ццевего жив вукIарав.

**74). Аль-Ахиру**: кинабго жоялдаса хадув жив вукIунев. Жиндир ватиялъе ахир гьечIев. Жиндасан хадуб щибго жо букIунарев.

**75). А-Ззагьиру**: жив вукIиналда кинабго махлукъалъ тIоритIел гьабулев, жив кинабго жоялда тIад вугев гьунар-къуваталдалъун.

**76). Аль-БатIину**: жив вукIин хIакъаб букIин гуреб жиндир хIакъикъаталда инсан хадув гъоларев. Махлукъат батиялдалъун жив вукIин лъалев. Жинда киналго балъголъаби лъалев.

**77). Аль-Вали:** кинабго жоялъул ханлъун, маликлъун, амирлъун жив вугев. Жиндир хIикматалда рекъон махлукъаталъул тадбир гьабулев.

**78). Аль-МутагIали**: инсанасул гIелму-гIакъло нахъ регIиялдаса жив тIадегIанав, мушрикаца жиндие гьарулел сипатаздаса: жиндие шарик вукIиналдаса, жиндир хIакъалъулъ шакдарулел гIадамазул шаклъиялдасаги жив тIадегIанав.

**79). Аль-Барру**: жинца лъикIлъи гьабулев, жиндир къотIиялъулъ ритIухъав, муъминзабазе дунялалда ва ахираталда лъикIлъаби гьарулев, дугIаялъе жаваб гьабулев.

**80). А-Ттавабу**: жинца тавбо къабул гьабулев. Тавбо гьабизе жиндие бокьулев ва тавбо гьабизе жинца гьесизе гьарулев.

**8I). Аль-Мунтакъиму:** жинда гIасилъарал гIадамаздаса жинца ццим босулев, зулмучагIазе гIакъуба гьабулев, жиндие бокьарал умматал гьалаг гьарулев.

**82). Аль-ГIафувву**: жинца мунагьал рахчулев, жив тIаса лъугьунев. Жинца гIакъуба хех гьабуларев. Ахираталда муъминзабадаса тIаса лъугьун гьезие гIазаб гьабичIого толев.

**83). А-Ррауфу**: жиндир гурхIел-рахIмо, хIалимлъи гIемерав, жиндилъ щибго хъачIлъи ва согIлъи гьечIев. Муъминзабада гурхIел цIикIарав. Гьезул мунагьал тIасан ине гьарун гьел мунагьал лъикIаб гIамаллъун сверизе гьарулев.

**84). Маликул-мулки:** кинабго мухлукъалъул хан. Ханзабазулги хан. Жиндир хIукму къадаралъе нахъе чIвай гьечIев, жиндие бокьараб жо лъугьунев, жиндие бокьичIеб жо лъугьунарев.

**85). Зулжалали вал икрами**: кинабго хиралъи, кIодолъи жиндие бугев, жив хира гьавизе, жиндие хIурмат гьабизе ва жиндаса хIинкъизе мустахIикъав бетIергьанлъун жив вугев.

**86). Аль-МукъситIу**: жиндир хIукмуялъулъ ритIухъав, жиндир гIадло битIарав. ЗулмучагIаздаса рецIел босулев, жиндие зулму гьабурав ва жинца зулму гьабурав цоцазул хIакъ тIубан рази гьарулев.

**87). Аль-ЖамигIу**: киналниги берцинал, камилал цIарал ва сипатал жинца данде гьарурав. Къиямасеб къоялъ кинабго халкъ махIшаралда данде ракIарун гьезул хIисаб-мизан гьабун гьезие жаза гьабулев.

**88). Аль-Гъанию:** жив щибго жоялда хIажатав гьечIев, жиндие кинабго жо рекъон бугев, кинабго жо жинда хIажатаблъун бугев.

**89) Аль-Мугъни**: жинца гIадамазе хIажатаб жо кьун гьел бечед гьарулев. БоцIи-малалдалъун, гIелму-лъаялдалъун бечед гьарулев. Жиндир махлукъаталъе ризкъи кьун гьелдалъун гьезие гIейи гьабулев.

**90). Аль-МугIтIи:** жинца хIажатаб жо кьолев ва щибаб жоялъул маслахIат жинда лъалев, гьеб маслахIаталда рекъон кьолев. Жив разиял муъминзабазе дунял - ахираталъул бахьибуголъи кьолев.

**9I). Аль-МанигIу**: муъминзабадаса къварилъи-балагь нахъчIвалев, жинда гIасилъараздаса ахираталъул нигIматал нахъчIвалев. Муъминзаби гIасилъи - пасикълъиялдаса нахъчIвалев.

**92). А-Ззарру**: жиндие зарал гьабизе мустахIикълъарасе унти - къварилъи тIад биччан зарал гьабулев;. зарал ва хайир гьаби жиндир хIукмулъун бугев, жинца изну кьечIони, гьеб гьабизе цониги чиясул хIал кIоларев.

**93). А-ННафигIу**: жиндие мунпагIат гьабизе мустахIикъасе мунпагIат гьабулев: Иман, гIелму, гIакъло, камил гьабун. Зарал гьаби ва мунпагIат гьаби жиндир хIикматада рекъон букIулев. Инсанасе лъикIаблъун бихьараб жо Аллагьасда (عز وجل) аскIоб зарилияб букIине бегьула.

**94). А-Ннуру:** жинца хIакъаб диналда тIоритIулев, хIакъаб нух бихьулеб нурлъун жив вугев. Зобал-ракьал жиндир нуралдалъун гвангъарав, жиндир нуралъ кинабго жо загьираблъун гьабулев.

**95). Аль-Гьади:** жинца муъминзаби иманалда тIоритIарав. Гьаб кинабго махлукъат бижун, гьеб гIакъло бугел чагIазда бихьизабун, гьел махлукъаталъул Халикъ вукIиналда тIоритIирав, хIакъаб каламалдалъун битIараб нухда халкъ тIобитIулев.

**96). Аль-БадигIу:** жинца жо бижулев ва батизабулев. Жинда релълъараб щибго жо гьечIев. Заталъулъ, сипаталъулъ, гьунар-къуваталъулъги.

**97). Аль-Бакъи**: жиндир вати даимав, жиндие тIаса ин гьечIев, жив нахъе хутIулев, жиндие ахир гьечIев.

**98). Аль-Варису**: зобал ракьазул ва кинабго махлукъаталъул ирс жиндие бугев, гьеб кинабго жо жиндир мулклъун бугев, халкъ хвезабун хадубги гьеб кинабго жо жиндир букIунев.

**99). А-Ррашиду**: жинца хIакъаб диналда тIоритIун гьелда хьвадарал муъминзаби бахьибугеллъун гьарулев. Жиндир хIикматалда рекъон жиндие бокьарав чи иманалда тIовитIулев, жиндие бокьарав тIовитIичIого толев.

**I00). А-Ссабуру:** жиндир сабру кIудияв, жинда гIасилъаразе гIазаб хех гьабуларев. Жиндир пишабазулъ гIедегIи гьечIев. Кинабго жо жиндие цIараб гIужалъ гьабулев.

Аллагьас (عز وجل) квер бакъаги жив разияб гIамал гьабизе. Амин.